# Biblica® Bhaibheri Dzvene Rakasununguka

# MuChiShona Chanhasi 2017

The Holy Bible in the Shona language of Zimbabwe: Biblica®
Bhaibheri Dzvene Rakasununguka MuChiShona Chanhasi 2017

# Biblica® Bhaibheri Dzvene Rakasununguka MuChiShona Chanhasi 2017

## The Holy Bible in the Shona language of Zimbabwe: Biblica® Bhaibheri Dzvene Rakasununguka MuChiShona Chanhasi 2017

copyright © 2017 Biblica, Inc.

Language: chiShona

Contributor: Biblica, Inc.

Biblica® Bhaibheri Dzvene Rakasununguka MuChiShona Chanhasi™
Kopakodzero © 2005, 2018 ne Biblica, Inc.
Biblica® Open Shona Contemporary Bible™
Copyright © 2005, 2018 by Biblica, Inc.
"Biblica" chiratidzo chekutengeserana chakanyoreswa mu United States uye chiratidzo chehofisi yeBiblica, Inc. Inoshandiswa zviripamutemo.
"Biblica" is a trademark registered in the United States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc. Used with permission.

### Creative Commons License

Iri basa rinowanikwa pasi peCreative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License (CC BY-SA). Kuti utarise kopi yeiri rezinesi, shanyira https://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0 kana kutumira tsamba kuCreative Commons, PO Box 1866, Mountain View, CA 94042, USA.
Biblica® chiratidzo chinozikanwa chakanyorwa neBiblica, Inc., uye kushandiswa kwechiratidzo cheBiblica® kunoda mvumo yakanyorwa yeBiblica, Inc. Pasi pemitemo ye rizinesi re CC BY-SA, unogona kuteedzera uye kugovera patsva basa iri risina kugadziridzwa bedzi kana uchichengetedza chiratidzo che Biblica®. Kana iwe ukachinja kopi kana kushandura iri basa, nokudaro uchigadzira rimwe basa, unofanira kubvisa chiratidzo cheBiblica®. Pabasa rakatorwa, unofanirwa kuratidza shanduko dzawakaita uye woratidza sezvinotevera: "Basa rekutanga reBiblica, Inc. rinowanikwa mahara pa www.biblica.com uye nepa open.bible."

Cherechedzo yekopakodzero inofanirwa kuoneka pamusoro wenyaya kana peji rekopakodzero sezvinotevera:
Biblica® Bhaibheri Dzvene Rakasununguka MuChiShona Chanhasi™
Kopakodzero © 2005, 2018 ne Biblica, Inc.
Biblica® Open Shona Contemporary Bible™
Copyright © 2005, 2018 by Biblica, Inc.
"Biblica" chiratidzo chekutengeserana chakanyoreswa mu United States uye chiratidzo chehofisi yeBiblica, Inc. Inoshandiswa zviripamutemo.
"Biblica" is a trademark registered in the United States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc. Used with permission.
Unofanirwa zvakare kuita kuti basa rawachinja riwanikwe pasi pe rezinesi yakafanana (CC BY-SA). Kana iwe uchida kuzivisa Biblica, Inc. maererano neshanduro yako yebasa iri, taura nesu pa https://open.bible/contact-us.
This work is made available under the Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License (CC BY-SA). To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0 or send a letter to Creative Commons, PO Box 1866, Mountain View, CA 94042, USA.
Biblica® is a trademark registered by Biblica, Inc., and use of the Biblica® trademark requires the written permission of Biblica, Inc. Under the terms of the CC BY-SA license, you may copy and redistribute this unmodified work as long as you keep the Biblica® trademark intact. If you modify a copy or translate this work, thereby creating a derivative work, you must remove the Biblica® trademark. On the derivative work, you must indicate what changes you have made and attribute the work as follows: "The original work by Biblica, Inc. is available for free at www.biblica.com and open.bible."

Notice of copyright must appear on the title or copyright page of the work as follows:
Biblica® Bhaibheri Dzvene Rakasununguka MuChiShona Chanhasi™
Kopakodzero © 2005, 2018 ne Biblica, Inc.
Biblica® Open Shona Contemporary Bible™
Copyright © 2005, 2018 by Biblica, Inc.
"Biblica" chiratidzo chekutengeserana chakanyoreswa mu United States uye chiratidzo chehofisi yeBiblica, Inc. Inoshandiswa zviripamutemo.
"Biblica" is a trademark registered in the United States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc. Used with permission.
You must also make your derivative work available under the same license (CC BY-SA).
If you would like to notify Biblica, Inc. regarding your translation of this work, please contact us at https://open.bible/contact-us.
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.
You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

- You include the above copyright and source information.
- If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.
- If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.
Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2023-04-14

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 22 Feb 2024 from source files dated 15 Apr 2023
e78882a0-8658-5bf1-903b-2f6c3e560076

Contents


Genesisi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1
Ekisodho . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 76
Revhitiko . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 135
Numeri . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 175
Dhuteronomi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 239
Joshua . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 288
Vatongi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 321
Rute . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 354
1 Samueri . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 359
2 Samueri . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 403
1 Madzimambo . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 443
2 Madzimambo . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 488
1 Makoronike . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 530
2 Makoronike . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 579
Ezira . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 626
Nehemia . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 642
Esteri . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 664
Jobho . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 675
MAPISAREMA . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 725
Zvirevo . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 862
Muparidzi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 912
Rwiyo Rukuru rwaSoromoni . . . . . . . . . . . . . . . . . 926
Isaya . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 936
Jeremia . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1039
Kuungudza kwaJeremia . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1134
Ezekieri . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1146
Dhanieri . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1218
Hosea . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1239
JOERE . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1255
Amosi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1262
Obhadhia . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1274
Jona . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1276
Mika . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1279
Nahumi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1289
Habhakuki . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1294
Zefania . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1299
Hagai . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1304
Zekaria . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1307
Maraki . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1320
Mateo . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1324
Mako . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1372
Ruka . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1402
Johani . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1452

Mabasa aVapostori . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1489
VaRoma . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1536
1 VaKorinde . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1556
2 VaKorinde . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1575
VaGaratia . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1588
VaEfeso . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1595
VaFiripi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1602
VaKorose . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1607
1 VaTesaronika . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1612
2 VaTesaronika . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1616
1 Timoti . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1619
2 Timoti . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1625
Tito . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1629
Firimoni . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1632
VaHebheru . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1634
Jakobho . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1649
1 Petro . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1654
2 Petro . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1660
1 Johani . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1664
2 Johani . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1669
3 Johani . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1670
Judha . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1671
Zvakazarurwa . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1673

# GENESISI

*Mavambo*
1 Pakutanga Mwari akasika matenga nenyika. 2 Zvino nyika yakanga
isina kugadzirwa uye isina chinhu, rima rakanga riri pamusoro
pemvura yakadzika, uye Mweya waMwari wakanga uchigara pamusoro
pemvura.

3 Uye Mwari akati, "Chiedza ngachivepo," chiedza chikavapo. 4 Mwari
akaona kuti chiedza chakanga chakanaka, uye akaparadzanisa
chiedza nerima. 5 Mwari akatumidza chiedza kuti "masikati,"
uye rima akaritumidza kuti "usiku." Uye madekwana akavapo,
namangwanani akavapo, zuva rokutanga.
6 Uye Mwari akati, "Ngapave nenzvimbo pakati pemvura kuti
iparadzanise mvura nemvura." 7 Saka Mwari akaita nzvimbo uye
akaparadzanisa mvura yakanga iri pasi penzvimbo iyi kubva pamvura
yakanga iri pamusoro payo. Uye zvakaita saizvozvo. 8 Mwari
akatumidza nzvimbo iyi kuti "denga." Uye madekwana akavapo,
namangwanani akavapo, zuva rechipiri.
9 Uye Mwari akati, "Mvura iri pasi pedenga ngaiungane panzvimbo
imwe chete, uye pasi pakaoma ngapaonekwe." Uye zvakaita
saizvozvo. 10 Mwari akatumidza pasi pakaoma kuti, "nyika," uye
mvura yakaungana akaiti "makungwa." Uye Mwari akaona kuti
zvakanga zvakanaka.
11 Ipapo Mwari akati, "Nyika ngaimerese uswa: miriwo inobereka
mbeu nemiti panyika inobereka michero ine mhodzi mukati mayo,
maererano nemhando dzayo dzakasiyana-siyana." Uye zvakaita
saizvozvo. 12 Nyika yakameresa uswa: miriwo inobereka mbeu
maererano nemhando dzayo nemiti inobereka michero ine mhodzi
mukati mayo, maererano nemhando dzayo. Uye Mwari akaona kuti
zvakanga zvakanaka. 13 Uye madekwana akavapo, namangwanani
akavapo, zuva rechitatu.
14 Uye Mwari akati, "Ngakuve nezviedza munzvimbo yedenga kuti
zviparadzanise masikati kubva pausiku, uye ngazvishande sezvi-
ratidzo zvokucherechedza mwaka namazuva namakore, 15 uye ngaz-
vive zviedza munzvimbo yedenga kuti zvivhenekere panyika." Uye
zvakaita saizvozvo. 16 Mwari akaita zviedza zvikuru zviviri, chiedza
chikuru kuti chibate ushe masikati uye chiedza chiduku kuti chibate
ushe usiku. Akaitawo nyeredzi. 17 Mwari akazviisa munzvimbo
yedenga kuti zvivhenekere panyika, 18 kuti zvibate ushe masikati
nousiku, uye kuti zviparadzanise chiedza kubva parima. Uye Mwari
akaona kuti zvakanga zvakanaka. 19 Uye madekwana akavapo,
namangwanani akavapo, zuva rechina.
20 Uye Mwari akati, "Mvura ngaive nezvisikwa zvipenyu, uye shiri
ngadzibhururuke pamusoro penyika munzvimbo yedenga." 21 Saka
Mwari akasika zvisikwa zvikuru zvegungwa nezvipenyu zvose zvi-
nokambaira zvinogara mumvura, maererano namarudzi azvo, uye
neshiri dzina mapapiro, maererano namarudzi adzo. Uye Mwari
akaona kuti zvakanga zvakanaka. 22 Mwari akazviropafadza akati,

"Berekanai muwande muzadze mvura iri mumakungwa, uye shiri
ngadziwande panyika." 23 Uye madekwana akavapo, namangwanani
akavapo, zuva rechishanu.
24 Uye Mwari akati, "Nyika ngaibereke zvisikwa zvipenyu maererano na-
marudzi azvo: zvipfuwo, zvisikwa zvinokambaira panyika, nezvikara
zvesango, chimwe nechimwe nemhando yacho." Uye zvakaita
saizvozvo. 25 Mwari akaita mhuka dzesango maererano namarudzi
adzo, zvipfuwo namarudzi azvo, nezvisikwa zvose zvinokambaira
panyika maererano namarudzi azvo. Uye Mwari akaona kuti
zvakanga zvakanaka.
26 Ipapo Mwari akati, "Ngatiitei munhu nomufananidzo wedu,
akafanana nesu, uye ngavave nesimba pamusoro pehove dzegungwa
napamusoro peshiri dzedenga, napamusoro pemombe, napamusoro
penyika yose, uye napamusoro pezvisikwa zvose zvinokambaira pa-
nyika."
27 Saka Mwari akasika munhu nomufananidzo wake,
akamusika mumufananidzo waMwari;
akavasika murume nomukadzi.
28 Mwari akavaropafadza akati kwavari, "Berekanai muwande; zadzai
nyika uye mubate ushe pamusoro payo. Muve nesimba pamusoro pe-
hove dzegungwa napamusoro peshiri dzedenga napamusoro pezvisikwa
zvipenyu zvinokambaira panyika."
29 Ipapo Mwari akati, "Ndinokupai miriwo yose inobereka iri pamu-
soro penyika yose nemiti yose ine michero, ine mhodzi mukati mayo.
Zvichava zvokudya zvenyu. 30 Uye kumhuka dzose dzapanyika neshiri
dzose dzedenga nokuzvisikwa zvose zvinokambaira panyika, zvose
zvinofema, ndinozvipa miriwo minyoro kuti zvive zvokudya zvazvo."
Uye zvakaita saizvozvo.
31 Mwari akaona zvose zvaakanga aita, kuti zvakanga zvakanaka
kwazvo. Uye madekwana akavapo, namangwanani akavapo, zuva
rechitanhatu.

# 2

1 Naizvozvo matenga nenyika zvakapera mukushongedzwa kukuru
kwazvo kwose.

2 Pazuva rechinomwe Mwari akanga apedza basa raakanga achiita;
saka pazuva rechinomwe akazorora pamabasa ake ose. 3 Uye Mwari
akaropafadza zuva rechinomwe akariita dzvene nokuti pazuva iro
akazorora pabasa rose rokusika raakanga aita.

### *Adhamu naEvha*

4 Iyi ndiyo rondedzero yamatenga nenyika pazvakasikwa.

Jehovha Mwari paakaita nyika namatenga, 5 uye kwakanga kusati kwava
namakwenzi esango panyika, uye miriwo yesango yakanga isati yamera,
nokuti Jehovha Mwari akanga asati anayisa mvura panyika uye kwakanga
kusina munhu wokuzorima panyika, 6 asi hova dzaibuda dzichibva pasi
uye dzichinyorovesa pasi pose, 7 Jehovha Mwari akaumba munhu kubva
paguruva revhu uye akafemera mweya woupenyu mumhino dzake, uye
munhu akava mupenyu.

[8] Zvino Jehovha Mwari akanga adyara bindu kumabvazuva, muEdheni;
uye akaisa munhu waakanga aumba imomo. [9] Uye Jehovha Mwari akaita
mhando dzose dzemiti kuti dzimere kubva muvhu, miti yaifadza meso
uye yakanga yakanaka pakudya. Pakati pebindu pakanga pano muti
woupenyu nomuti wokuziva zvakanaka nezvakaipa.

[10] Rwizi rwaidiridza bindu rwaiyerera ruchibva muEdheni; kubva
imomo rwakaparadzana rukava hova ina. [11] Zita rerwokutanga ndiPis-
honi; runopoterera nomunyika yose yeHavhira, imomo mune goridhe.
[12] (Goridhe romunyika iyoyo rakanaka; uyewo dheriamu nebwe reonikisi
zvirimo.) [13] Zita rorwizi rwechipiri ndiGihoni; runopoterera nomunyika
yose yeEtiopia. [14] Zita rorwizi rwechitatu ndiTigirisi; runoyerera ru-
chitevedza rutivi rwamabvazuva eAshuri. Uye rwizi rwechina ndiYufu-
ratesi.

[15] Jehovha Mwari akatora munhu akamuisa mubindu reEdheni kuti
aririme nokurichengeta. [16] Uye Jehovha Mwari akarayira munhu achiti,
"Wakasununguka kuti udye zvinobva pamuti upi zvawo uri mubindu;
[17] asi haufaniri kudya zvinobva pamuti wokuziva zvakanaka nezvakaipa,
nokuti pauchaudya uchafa zvirokwazvo."

[18] Jehovha Mwari akati, "Hazvina kunaka kuti munhu agare ari oga.
Ndichamuitira mubatsiri akamukwanira."

[19] Zvino Jehovha Mwari akanga aumba kubva muvhu, mhuka dzose
dzesango neshiri dzose dzedenga. Akazviuyisa kumunhu kuti aone kuti
achazvitumidza mazita api, uye chisikwa chipenyu chimwe nechimwe sez-
vachakatumidzwa nomunhu, ndiro rakava zita racho. [20] Saka munhu aka-
tumidza mazita kuzvipfuwo zvose, nokushiri dzose dzedenga nemhuka
dzose dzesango. Asi kuna Adhamu kwakanga kusina kuwanikwa mubat-
siri akamukwanira. [21] Saka Jehovha Mwari akaita kuti munhu avate hope
huru; uye paakanga achakavata, akatora rumwe rumbabvu rwomunhu
akavhara nenyama nzvimbo yaakarubvisa.

[22] Ipapo Jehovha Mwari akaita mukadzi kubva parumbabvu rwaakanga
abvisa pamunhu, uye akamuuyisa kumurume.

[23] Murume akati,

"Zvino uyu ibvupa ramapfupa angu
 nenyama yenyama yangu;
achanzi 'mukadzi',
 nokuti akatorwa kubva pamurume."

[24] Nokuda kwechikonzero ichi, murume achasiya baba namai vake
agonamatira kumukadzi wake, uye vachava nyama imwe.

[25] Murume nomukadzi wake vakanga vasina kusimira vose, uye havana
kutongonyara.

# 3

*Kuwa kwoMunhu*

[1] Zvino nyoka yakanga ina manomano kupfuura mhuka dzose dza-
kasikwa naJehovha Mwari. Yakati kumukadzi, "Ko, chaizvoizvo Mwari
akati, 'Hamufaniri kudya muti upi zvawo uri mubindu here'?"

[2] Mukadzi akati kunyoka, "Tingadya hedu michero inobva mumiti iri
mubindu, [3] asi Mwari akati, 'Hamufaniri kudya muchero unobva pamuti
uri pakati pebindu, uye musaubata kuti murege kufa.' "

4 Nyoka yakati kumukadzi, “Hamungafi zvirokwazvo. 5 Nokuti
Mwari anoziva kuti mukaudya meso enyu achasvinudzwa, uye muchaita
saMwari mugoziva zvakanaka nezvakaipa.”

6 Mukadzi akati aona kuti muchero womuti wakanga wakanaka kuudya
uye kuti waifadza meso, uye kuti waidikanwa kuti munhu ave nouchen-
jeri, akatora mumwe akadya. Akapawo mumwe kumurume wake, uyo
akanga anaye, naiye akaudya.

7 Ipapo meso avo vose vari vaviri akasvinudzwa, uye vakaziva kuti
vakanga vasina kusimira; saka vakasonanidza mashizha omuonde pamwe
chete ndokuzvigadzirira nguo.

8 Ipapo murume nomukadzi wake vakanzwa inzwi raJehovha Mwari
paakanga achifamba mubindu kwotonhorera, vakavanda pamberi paJe-
hovha Mwari, pakati pemiti yomubindu. 9 Asi Jehovha Mwari akadana
murume akati, “Uripiko?”

10 Akapindura akati, “Ndanzwa inzwi renyu mubindu, uye ndatya nokuti
ndanga ndisina kusimira; saka ndavanda.”

11 Uye iye akati, “Ndiani akuudza kuti hauna kusimira? Wadya kanhi
muti wandakakurayira kuti urege kudya?”

12 Murume akati, “Mukadzi wamakandipa kuno kuti ave neni, ndiye
andipa mumwe muchero womuti, uye ini ndikadya.”

13 Ipapo Jehovha Mwari akati kumukadzi, “Chiiko ichi chawaita?”
Mukadzi akati, “Nyoka yandinyengera, ndikadya.”

14 Saka Jehovha Mwari akati kunyoka, “Nokuti waita izvi,

“Watukwa kupfuura zvipfuwo zvose,
kupfuura mhuka dzose dzesango!
Uchafamba nedumbu rako
uye uchadya guruva
mazuva ose oupenyu hwako.
15 Uye ndichaisa ruvengo
pakati pako nomukadzi,
uye pakati porudzi rwako nerwomukadzi;
achapwanya musoro wako,
uye iwe ucharuma chitsitsinho chake.”

16 Kumukadzi akati,

“Ndichawedzera kwazvo kurwadziwa kwako mukubereka vana;
uchabereka vana mukurwadziwa.
Kuda kwako kuchava kumurume wako,
uye achava nesimba pamusoro pako.”

17 Kuna Adhamu akati, “Nokuti wakateerera kumukadzi wako uye
ukadya zvakabva pamuti wandakakurayira ndichiti, ‘Haufaniri kuudya,’

“Ivhu ratukwa nokuda kwako;
mukushanda kunorwadza,
uchadya zvibereko zvaro
mazuva ose oupenyu hwako.
18 Richakuberekera minzwa norukato,
uye uchadya miriwo yomusango.
19 Neziya rechiso chako
uchadya zvokudya zvako
kusvikira wadzokera kuguruva,
sezvo wakatorwa kwariri;
nokuti uri guruva,
kuguruva uchadzokera.”

[20] Uye Adhamu akatumidza mukadzi wake kuti Evha, nokuti aizova mai vavapenyu vose.

[21] Jehovha Mwari akaitira Adhamu nomukadzi wake nguo dzamate-
hwe uye akavafukidza. [22] Uye Jehovha Mwari akati, "Munhu ava
somumwe wedu, anoziva zvakanaka nezvakaipa. Haafaniri kutenderwa
kutambanudza ruoko rwake kuti atorewo zvinobva pamuti woupenyu
uye kuti azvidye, akazorarama nokusingaperi." [23] Saka Jehovha Mwari
akamudzinga mubindu reEdheni kuti arime ivhu raakatorwa kwariri.
[24] Mushure mokunge adzinga munhu, akaisa makerubhi kurutivi rwokum-
abvazuva kweBindu reEdheni nomunondo unopfuta uye uchivheyeswa
mberi neshure kuti urinde nzira inoenda kumuti woupenyu.

# 4

### *Kaini naAbheri*

[1] Adhamu akarara nomukadzi wake Evha, uye akava nemimba ak-
abereka Kaini. Akati, "Norubatsiro rwaJehovha, ndabereka murume."
[2] Mushure akabereka munun'una wake Abheri.

Zvino Abheri aiva mufudzi wamakwai, uye Kaini aiva murimi wevhu.
[3] Mukufamba kwenguva, Kaini akauya nezvimwe zvezvibereko zvevhu
sechipiriso kuna Jehovha. [4] Asi Abheri akauya nomugove wamafuta aibva
mumhongora dzamakwai. Jehovha akagamuchira Abheri nechipiriso
chake, [5] asi Kaini nechipiriso chake haana kumugamuchira. Saka Kaini
akatsamwa zvikuru, uye chiso chake chikaunyana.

[6] Ipapo Jehovha akati kuna Kaini, "Wakatsamweiko? Seiko chiso chako
chakaunyana? [7] Kana ukaita zvakanaka, haungagamuchirwi here? Asi
kana usingaiti zvakanaka, chivi chakakuvandira pamukova wako; chinoda
kukubata, asi iwe unofanira kuchikunda."

[8] Zvino Kaini akati kumunun'una wake, "Ngatimbobuda tiende ku-
munda." Uye vakati vari mumunda Kaini akarwisa munun'una wake
Abheri akamuuraya.

[9] Ipapo Jehovha akati kuna Kaini, "Aripiko munun'una wako Abheri?"

Iye akati, "Handizivi. Ko, ndini muchengeti womunun'una wangu
here?"

[10] Jehovha akati, "Waiteiko? Inzwa! Ropa romunun'una wako riri
kudanidzira kwandiri richibva muvhu. [11] Zvino watukwa uye wadzingwa
panyika yazarura muromo wayo kuti imedze ropa romunun'una wako
kubva paruoko rwako. [12] Paunorima ivhu, harichazombokuberekeri
zvibereko zvaro. Uchava mudzungairi asingatongozorori panyika."

[13] Kaini akati kuna Jehovha, "Kurangwa kwangu kunopfuura zvandinok-
wanisa kutakura. [14] Nhasi muri kundidzinga kubva panyika, uye ndicha-
vanzwa pamberi penyu; ndichava mudzungairi asina zororo panyika, uye
ani naani achandiwana achandiuraya."

[15] Asi Jehovha akati kwaari, "Kwete hazvingadaro; kana munhu upi
zvake akauraya Kaini, achatsiviwa kanomwe." Ipapo Jehovha akaisa
rupau pana Kaini kuitira kuti kurege kuva nomunhu anenge amuwana
angazomuuraya. [16] Saka Kaini akabva pamberi paJehovha akandogara
munyika yeNodhi, kumabvazuva kweEdheni.

[17] Kaini akarara nomukadzi wake, akava nemimba akamuberekera
Enoki. Ipapo Kaini akanga achivaka guta, uye akaritumidza zita
romwanakomana wake Enoki. [18] Enoki akaberekerwa Iradhi, uye

Iradhi akanga ari baba vaMehujaeri, uye Mehujaeri akanga ari baba
vaMetushaeri, uye Metushaeri akanga ari baba vaRameki.
19 Rameki akawana vakadzi vaviri, mumwe ainzi Adha uye mumwe
ainzi Zira. 20 Adha akabereka Jabhari, ndiye akanga ari baba vavaya
vanogara mumatende vaichengeta zvipfuwo. 21 Zita romunun'una wake
rainzi Jubhari; akanga ari baba wavose vanoridza rudimbwa nenyere.
22 Zira akanga ane mwanakomana, Tubhari-Kaini, aigadzira nhumbi
dzemhando dzose dzendarira nedzesimbi. Hanzvadzi yaTubhari-Kaini
yainzi Naama.
23 Rameki akati kuvakadzi vake,
"Adha naZira, nditeererei;
imi vakadzi vaRameki, inzwai mashoko angu.
Ndauraya munhu nokuti andikuvadza,
nejaya nokuti randipwanya.
24 Kana Kaini achitsiviwa kanomwe,
naizvozvo Rameki kana makumi manomwe namanomwe."
25 Adhamu akararazve nomukadzi wake, akabereka mwanakomana
akamutumidza zita rokuti Seti, achiti, "Mwari andipa mumwe mwana
panzvimbo yaAbheri, sezvo Kaini akamuuraya." 26 Setiwo akava
nomwanakomana, akamutumidza zita rokuti Enoshi.
Panguva iyo vanhu vakatanga kudana kuzita raJehovha.

# 5

*Kubva kuna Adhamu kusvikira kuna Noa*
1 Iyi ndiyo rondedzero yakanyorwa yorudzi rwaAdhamu.

Mwari paakasika munhu akamuita nomufananidzo waMwari.
2 Akavasika murume nomukadzi uye akavaropafadza. Uye vakati vasikwa,
akavatumidza kuti "munhu."

3 Adhamu akati agara makore zana namakumi matatu, akabereka
mwanakomana akafanana naye, akanga akamutodza; akamutumidza
zita rokuti Seti. 4 Shure kwokuberekwa kwaSeti, Adhamu akararama
kwamakore mazana masere uye akaberekazve vamwe vanakomana
navanasikana. 5 Pamwe chete, Adhamu akararama kwamakore
mazana mapfumbamwe namakumi matatu, uye ipapo akafa.
6 Seti akati agara makore zana namashanu, akabereka Enoshi. 7 Uye
shure kwokubereka kwake Enoshi, Seti akararama kwamakore
mazana masere namanomwe uye akavazve navamwe vanakomana
navanasikana. 8 Pamwe chete, Seti akararama kwamakore mazana
mapfumbamwe negumi namaviri, uye ipapo akafa.
9 Enoshi akati ararama kwamakore makumi mapfumbamwe, akabereka
Kenani. 10 Uye shure kwokubereka kwake Kenani, Enoshi akararama
kwamakore mazana masere ane gumi namashanu uye akavazve
navamwe vanakomana navanasikana. 11 Pamwe chete, Enoshi
akararama kwamakore mazana mapfumbamwe namashanu, uye
ipapo akafa.
12 Kenani akati ararama kwamakore makumi manomwe, akabereka
Maharareri. 13 Uye mushure mokubereka kwake Maharareri, Kenani
akagara kwamakore mazana masere namakumi mana uye akavazve
navamwe vanakomana navanasikana. 14 Pamwe chete, Kenani

akararama kwamakore mazana mapfumbamwe negumi, uye ipapo akafa.
15 Mahararere akati agara kwamakore makumi matanhatu namashanu,
akabereka Jaredhi. 16 Uye mushure mokubereka kwake Jaredhi, Ma-
harareri akararama kwamakore mazana masere namakumi matatu
uye akavazve navamwe vanakomana navanasikana. 17 Pamwe
chete, Mahararere akararama kwamakore mazana masere namakumi
mapfumbamwe namashanu, uye ipapo akafa.
18 Jaredhi akati ararama kwamakore zana namakumi matanhatu na-
maviri, akabereka Enoki. 19 Uye mushure mokubereka kwake Enoki,
Jaredhi akararama kwamakore mazana masere akavazve navamwe
vanakomana navanasikana. 20 Pamwe chete, Jaredhi akararama
kwamakore mazana mapfumbamwe namakumi matanhatu namaviri,
uye ipapo akafa.
21 Enoki akati ararama kwamakore makumi matanhatu namashanu,
akabereka Metusera. 22 Uye mushure mokubereka kwake Me-
tusera, Enoki akafamba naMwari kwamakore mazana matatu uye
akavazve navamwe vanakomana navanasikana. 23 Pamwe chete,
Enoki akararama kwamakore mazana matatu namakumi matanhatu
namashanu. 24 Enoki akafamba naMwari; ipapo akasazovapo, nokuti
Mwari akamutora.
25 Metusera akati ararama kwamakore zana namakumi masere na-
manomwe, akabereka Rameki. 26 Uye mushure mokubereka kwake
Rameki, Metusera akararama kwamakore mazana manomwe na-
makumi masere namaviri uye akavazve navamwe vanakomana
navanasikana. 27 Pamwe chete, Metusera akararama kwamakore
mazana mapfumbamwe namakumi matanhatu namapfumbamwe,
uye ipapo akafa.
28 Rameki akati ararama kwamakore zana namakumi masere namaviri,
akabereka mwanakomana. 29 Akamutumidza zita rokuti Noa uye
akati, "Achativaraidza pabasa uye napakurwadziwa kwokubata kwa-
maoko edu zvinobva pavhu rakatukwa naJehovha." 30 Mushure
mokuberekwa kwaNoa, Rameki akararama kwamakore mazana
mashanu namakumi mapfumbamwe namashanu uye akavazve
navamwe vanakomana navanasikana. 31 Pamwe chete, Rameki
akararama kwamakore mazana manomwe namakumi manomwe
namanomwe, uye ipapo akafa.
32 Mushure mokunge Noa ava namakore okuberekwa mazana mashanu,
akabereka Shemu, Hamu naJafeti.

# 6

*Mafashamu*

1 Vanhu vakati vatanga kuwanda panyika uye vanasikana vakaberekwa
kwavari, 2 vanakomana vaMwari vakaona kuti vanasikana vavanhu
vakanga vakanaka, uye vakazviwanira upi zvake wavakasarudza. 3 Ipapo
Jehovha akati, "Mweya wangu haungarambi uchigara mumunhu nokusin-
gaperi, nokuti inyama; mazuva ake achava makore zana namakumi
maviri."
4 VaNefirimu vakanga vari panyika mumazuva iwayo, uyewo mushure
maizvozvo, vanakomana vaMwari vakapinda kuvasikana vavanhu

vakaita vana navo. Vakanga vari mhare dzakare, vanhu vaiva nomuku-
rumbira.
5 Jehovha akaona kuti kuipa kwomunhu panyika kwakanga kuri kukuru
sei, uye kuti ndangariro dzomwoyo wake dzakanga dzakaipa bedzi
nguva dzose. 6 Jehovha akazvidemba kuti akanga aita munhu panyika,
uye mwoyo wake wakazara nokurwadziwa. 7 Saka Jehovha akati,
"Ndichabvisa vanhu pamusoro penyika ivo vanhu vandakaisa, vanhu
nemhuka, nezvisikwa zvinokambaira pamusoro pevhu, neshiri dzedenga,
nokuti ndinozvidemba kuti ndakazviita." 8 Asi Noa akawana nyasha
pamberi paJehovha.

9 Iyi ndiyo rondedzero yezvaNoa.

Noa akanga ari munhu akarurama, asina chaanopomerwa pakati
pavanhu venguva yake, uye akafamba naMwari. 10 Noa akanga ana
vanakomana vatatu vaiti: Shemu, Hamu naJafeti.
11 Zvino nyika yakanga yaora pamberi paMwari uye yakanga yazara
nokurwisana. 12 Mwari akaona kuti nyika yakanga yaora sei, nokuti
vanhu vose panyika vakanga vaodza nzira dzavo. 13 Saka Mwari akati
kuna Noa, "Ndava kuzoisa magumo kuvanhu vose, nokuti nyika yazara
nokurwisana nokuda kwavo. Zvirokwazvo ndiri kuzovaparadza vose
pamwe chete nenyika. 14 Saka iwe zviitire areka yomuti womusipuresi;
uite makamuri mukati mayo uye uiname nenamo mukati nokunze. 15 Uku
ndiko kuvaka kwaunofanira kuiita: Areka inofanira kureba makubhiti
mazana matatu*, upamhi hwayo huve makubhiti makumi mashanu†
uye makubhiti makumi matatu‡ pakukwirira kwayo. 16 Uite windo
uchipoteredza areka ugosiya kubhiti rimwe chete§ kumusoro. Uise
mukova parutivi rweareka uye uite muturikidzwa wapasi, wapakati
nowapamusoro. 17 Ndichauyisa mvura yamafashamu pamusoro penyika
kuti iparadze zvipenyu zvose pasi pedenga, zvisikwa zvose zvino upenyu
mazviri. Zvinhu zvose zviri panyika zvichaparara. 18 Asi ndichasimbisa
sungano yangu newe, uye uchapinda muareka, iwe navanakomana vako
uye nomukadzi wako uye navakadzi vavanakomana vako vari pauri.
19 Unofanira kuisa muareka zviviri zviviri pazvisikwa zvipenyu zvose,
chikono nechikadzi, kuti zvirarame pamwe chete newe. 20 Zviviri zviviri
kubva kumhando dzose dzeshiri, nokubva kumhando dzose dzemhuka
nokuzvisikwa zvose zvinokambaira panyika, zvichauya kwauri kuti
zvichengetwe zviri zvipenyu. 21 Unofanira kutora zvokudya zvamarudzi
ose zvinofanira kudyiwa ugozvichengeta kuti zvigova zvokudya zvako
nezvavzo."
22 Noa akaita zvose sezvaakanga arayirwa naMwari.

# 7

1 Ipapo Jehovha akati kuna Noa, "Pindai muareka iwe nemhuri yako
yose nokuti ndakuona iwe kuti wakarurama murudzi urwu. 2 Utore
mhando dzemhuka dzose dzakanaka nomwe nomwe, mukono nehadzi
yayo uye mbiri mbiri pamhando dzose dzemhuka dzisina kunaka, mukono
nehadzi yayo, 3 uyewo nomwe nomwe pamhando dzose dzeshiri, mukono
nehadzi, kuti uraramise marudzi azvo akasiyana-siyana munyika yose.

* **6:15** 6:15 mamita angaita 140 † **6:15** 6:15 mamita angaita 23 ‡ **6:15** 6:15 mamita angaita 13.5 § **6:16** 6:16 0.5 yemita

4 Mazuva manomwe kubva zvino ndichanayisa mvura panyika kwa-
mazuva makumi mana nousiku makumi mana, uye ndichabvisa pamusoro
penyika zvisikwa zvipenyu zvose zvandakaita."
5 Uye Noa akaita zvose zvaakarayirwa naJehovha.
6 Noa akanga ava namakore mazana matanhatu okuberekwa panguva
yakanaya mvura yamafashamu panyika. 7 Uye Noa navanakomana vake
nomukadzi wake navakadzi vavanakomana vake vakapinda muareka kuti
vapunyuke pamvura yamafashamu. 8 Zviviri zviviri zvemhuka dzakanaka
nedzisina kunaka, zviviri zviviri zveshiri nezvezvisikwa zvose zvinokam-
baira panyika, 9 mukono nehadzi, zvakauya kuna Noa ndokupinda
muareka, sezvakanga zvarayirwa naMwari kuna Noa. 10 Uye shure
kwamazuva manomwe mvura yamafashamu yakasvika panyika.
11 Mugore ramazana matanhatu roupenyu hwaNoa, pazuva regumi
namanomwe romwedzi wechipiri, pazuva iro zvitubu zvose zvapakadzika
zvakatubuka, uye masuo amafashamu okudenga akazarurwa. 12 Uye
mvura yakanaya panyika kwamazuva makumi mana nousiku makumi
mana.
13 Pazuva racho iroro, Noa navanakomana vake, Shemu, Hamu naJafeti,
pamwe chete nomukadzi wake navakadzi vavanakomana vake vatatu,
vakapinda muareka. 14 Vakanga vane mhuka dzose dzesango namarudzi
adzo, nezvipfuwo zvose namarudzi azvo neshiri dzose namarudzi adzo,
nezvose zvina mapapiro. 15 Zviviri zviviri pazvisikwa zvose zvino upenyu
mazviri zvakauya kuna Noa zvikapinda muareka. 16 Mhuka dzaipinda
dzaiva mukono nehadzi pazvipenyu zvose, sezvakanga zvarayirwa Noa
naMwari. Ipapo Jehovha akamupfigira mukati.
17 Mafashamu akaramba achingouya panyika kwamazuva makumi
mana, uye mvura sezvayakaramba ichiwanda yakasimudza areka
pamusoro-soro penyika. 18 Mvura zhinji yakasimuka uye ikawanda
zvikuru panyika, uye areka ikayangarara pamusoro pemvura.
19 Yakakwira kwazvo pamusoro penyika, uye makomo ose marefu ari pasi
pedenga akafukidzwa. 20 Mvura zhinji yakasimuka ikafukidza makomo
kusvikira pamakubhiti gumi namashanu* kudzika kubva pamusoro
pawo. 21 Zvipenyu zvose zvinokambaira panyika zvakaparara, shiri,
zvipfuwo, mhuka dzesango, zvisikwa zvose zvakafararira pamusoro
penyika, namarudzi ose avanhu. 22 Zvinhu zvose zvakanga zvino kufema
kwoupenyu mumhino dzazvo panyika zvakafa. 23 Zvinhu zvose zvipenyu
zvaiva pamusoro penyika zvakaparadzwa, vanhu nemhuka, nezvisikwa
zvinokambaira panyika neshiri dzedenga zvakaparadzwa kubva panyika.
Noa bedzi ndiye akasiyiwa navaya vaiva naye muareka.
24 Mvura zhinji yakafukidza nyika kwamazuva makumi mashanu.

# 8

1 Asi Mwari akarangarira Noa nemhuka dzose dzesango nezvipfuwo
zvakanga zvinaye muareka, uye akatuma mhepo pamusoro penyika,
uye mvura zhinji ikaserera. 2 Zvino zvitubu zvepakadzika uye masuo
amafashamu okudenga zvakanga zvazarirwa, uye mvura yakanga yaguma
kunaya kubva kudenga. 3 Mvura yakaserera zvishoma nezvishoma kubva
panyika. Pakupera kwamazuva zana namakumi mashanu mvura yakanga
yadzika, 4 uye pazuva regumi namanomwe romwedzi wechinomwe, areka

* **7:20** 7:20 mamita angaita 6.9

yakagara pamakomo eArarati. 5 Mvura yakaramba ichiserera kusvikira
pamwedzi wegumi, uye pazuva rokutanga romwedzi wegumi misoro
yamakomo yakatanga kuonekwa.

6 Shure kwamazuva makumi mana, Noa akazarura windo raakanga
aita muareka, 7 uye akatuma gunguo, uye rakaramba richibhururuka
kuno nokoko kusvikira mvura yapwa panyika. 8 Ipapo akatuma njiva
kuti aone kana mvura yakanga yaserera kubva pamusoro penyika. 9 Asi
njiva haina kuwana nzvimbo yokumhara nokuti mvura yakanga iri pose
pose; saka yakadzokera kuna Noa muareka. Akatambanudza ruoko
rwake akadzorera njiva muareka maaiva. 10 Akarindira kwamamwezve
mazuva manomwe uye akabudisazve njiva muareka. 11 Njiva yakati
yadzokera kwaari panguva yamanheru, onei heyo mumuromo mayo
yakaruma shizha nyoro rakatanhwa pamuorivhi! Ipapo Noa akaziva kuti
mvura yakanga yaserera panyika. 12 Akamirirazve kwamamwe mazuva
manomwe uye akabudisazve njiva, asi panguva iyi haina kuzodzoka
kwaari.

13 Pazuva rokutanga romwedzi wokutanga wegore ramazana matanhatu
nerimwe aNoa, mvura yakanga yapwa panyika. Ipapo Noa akabvisa
chifukidziro cheareka akaona kuti pamusoro penyika pakanga paoma.
14 Pazuva ramakumi maviri namanomwe romwedzi wechipiri nyika
yakanga yaoma kwazvo.

15 Ipapo Mwari akati kuna Noa, 16 "Budai muareka, iwe nomukadzi
wako navanakomana vako navakadzi vavo. 17 Budisa mhando dzose
dzezvisikwa zvipenyu zvaunazvo, shiri, mhuka nezvisikwa zvose zvi-
nokambaira panyika, kuitira kuti zvibereke uye zvive zvizhinji pamusoro
payo."

18 Saka Noa akabuda, pamwe chete navanakomana vake nomukadzi
wake uye navakadzi vavanakomana vake. 19 Mhuka dzose nezvisikwa
zvose zvinokambaira panyika neshiri dzose, zvinhu zvose zvinofamba
panyika, zvakabuda muareka, rudzi ruchitevera rumwe.

20 Ipapo Noa akavakira Jehovha aritari, uye akatora dzimwe dzemhuka
dzose dzakanaka neshiri dzakanaka, akabayira zvipiriso zvinopiswa
pamusoro payo. 21 Jehovha akanzwa kunhuhwira kwakanaka akati mum-
woyo make, "Handichazotukazve nyika nokuda kwomunhu, kunyange
hazvo kufunga kwomwoyo wake kwakaipa kubva pakuberekwa kwake.
Uye handichazoparadzazve zvisikwa zvipenyu zvose, sezvandakaita.

22 "Kana nyika ichingovapo,
nguva dzokudyara nedzokukohwa,
kutonhora nokupisa,
zhizha nechando,
masikati nousiku
hazvingatongogumi."

## 9

### *Sungano yaMwari naNoa*

1 Ipapo Mwari akaropafadza Noa navanakomana vake, akati kwavari,
"Berekanai muwande uye muzadze nyika. 2 Mhuka dzose dzenyika neshiri
dzose dzedenga dzichakutyai uye dzichakuvhundukai; zvisikwa zvose
zvinokambaira panyika, nehove dzose dzegungwa, zvakapiwa mumaoko
enyu. 3 Zvinhu zvose zvinorarama nezvinokambaira zvichava zvokudya

zvenyu. Sezvandakakupai muriwo munyoro, ndiri kukupai zvino zvinhu
zvose.
4 “Asi hamufaniri kudya nyama, ropa rayo roupenyu richiri mairi. 5 Uye
zvirokwazvo ndichatsvaka kuti muzvidavirire nokuda kweropa roupenyu
hwenyu. Ndichatsvaka kuti muzvidavirire pamhuka dzose. Uye kubvawo
pamunhu mumwe nomumwe, ndichatsvaka kuti azvidavirire nokuda
kwoupenyu hwomunhu wokwake.

6 “Ani naani anoteura ropa romunhu,
ropa rake richateurwawo nomunhu;
nokuti nomufananidzo waMwari,
Mwari akaita munhu.
7 Kana murimi, berekanai muwande; muwande panyika uye muwande
kwazvo pamusoro payo.”

8 Ipapo Mwari akati kuna Noa navanakomana vaaiva navo, 9 “Zvino
ndava kusimbisa sungano yangu newe uye nezvizvarwa zvako zvinotev-
era, 10 uye nezvisikwa zvipenyu zvose zvakanga zvinewe, shiri, zvip-
fuwo nemhuka dzose dzesango, dzose dziya dzakabuda newe muareka,
zvisikwa zvipenyu zvose zviri panyika. 11 Ndiri kusimbisa sungano
yangu newe: Zvipenyu zvose hazvichatongoparadzwizve nemvura ya-
mafashamu; hakuchatongovizve namafashamu okuti aparadze nyika.”

12 Uye Mwari akati, “Ichi ndicho chiratidzo chesungano yandiri kuita
pakati pangu nemi nezvisikwa zvose zvipenyu zvinemi, sungano ya-
marudzi ose ari kuzouya: 13 Ndaisa muraravungu wangu mumakore,
uye uchava chiratidzo chesungano pakati pangu nenyika. 14 Pose pandi-
nouyisa makore pamusoro penyika, uye muraravungu ukaonekwa mu-
makore, 15 ndicharangarira sungano yangu pakati pangu nemi nezvisikwa
zvipenyu zvose zvamarudzi ose. Mvura haingatongoitizve mafashamu
kuti iparadze zvipenyu zvose. 16 Pose panoonekwa muraravungu
mumakore, ndichaona ndigorangarira sungano yangu isingaperi pakati
paMwari nezvisikwa zvipenyu zvose zvemhando dzose panyika.”

17 Saka Mwari akati kuna Noa, “Ichi ndicho chiratidzo chesungano
yandakasimbisa pakati pangu nezvipenyu zvose zviri panyika.”

### *Vanakomana vaNoa*

18 Vanakomana vaNoa vakabuda muareka vaiva Shemu, Hamu naJafeti.
(Hamu akanga ari baba vaKenani.) 19 Ava ndivo vakanga vari vanako-
mana vatatu vaNoa, uye kwavari ndiko kwakabva vanhu vakapararira
pamusoro penyika.

20 Noa akava murimi, akarima munda wamazambiringa. 21 Akati
anwa imwe yewaini yawo, akadhakwa uye akavata akashama mutende
rake. 22 Hamu, baba vaKenani, akaona kusasimira kwababa vake
akaudza mukoma wake nomunun’una vake vaiva panze. 23 Asi Shemu
naJafeti vakatora nguo vakayiisa pamapfudzi avo; ipapo vakafamba
nenhendashure vakafukidza baba vavo pakusasimira kwavo. Zviso
zvavo zvakanga zvakatarisa parutivi kuitira kuti varege kuona kusasimira
kwababa vavo.

24 Noa akati amuka kubva pawaini yake uye akaziva zvakanga zvaitwa
kwaari nomwanakomana wake muduku, 25 akati,
“Kenani ngaatukwe!
Achava muranda wavaranda kuvakuru vake.”
26 Akatiwo,
“Ngaakudzwe Jehovha, Mwari waShemu!

Kenani ngaave muranda waShemu.
27 Mwari ngaakurise nyika yaJafeti;
Jafeti ngaagare mumatende aShemu,
uye Kenani ngaave muranda wake."
28 Shure kwamafashamu, Noa akararama kwamakore mazana matatu
namakumi mashanu. 29 Pamwe chete, Noa akararama kwamakore
mazana mapfumbamwe namakumi mashanu, uye akafa.

# 10

*Nhoroondo yeNdudzi*

1 Iyi ndiyo rondedzero yamarudzi aShemu, Hamu naJafeti, vana vaNoa, avo vakaitawo vanakomana mushure mamafashamu.

*VaJafeti*

2 Vanakomana vaJafeti vanoti:
Gomeri, Magogi, Madhai, Javhani, Jubhari, Mesheki naTirasi.
3 Vanakomana vaGomeri vanoti:
Ashikenazi, Rifati naTogarima.
4 Vanakomana vaJavhani vanoti:
Erisha, Tashishi, Kitimi naRodhanimi. 5 (Kubva kwavari ivava vanhu vomumahombekombe egungwa vakapararira munyika dzavo, nedzimba dzavo pakati pendudzi dzavo, rudzi rumwe norumwe nomutauro warwo.)

*VaHamu*

6 Vanakomana vaHamu vanoti:
Kushi, Miziraimi, Puti naKenani.
7 Vanakomana vaKushi vanoti:
Sebha, Havhira, Sabhata, Rama naSabhiteka.
Vanakomana vaRaama vanoti:
Shebha naDhedhani.
8 Kushi akanga ari baba vaNimurodhi, uyo akanga ari murwi
ane simba panyika. 9 Akanga ari muvhimi mukuru pam-
beri paJehovha; ndokusaka zvichinzi, "SaNimirodhi, muvhimi
mukuru pamberi paJehovha." 10 Maguta okutanga oumambo
hwake akanga ari Bhabhironi, Ereki, Akadhi neKarine, munyika
yeShinari. 11 Achibva munyika iyoyo akaenda kuAsiria, uko
kwaakandovaka Ninevhe, Rehobhoti Iri, neKara 12 neReseni, riri
pakati peNinevhe neKara; rinova ndiro guta guru.
13 Miziraimi akanga ari baba veava:
vaRudhi, vaAnami, vaRehabhi, vaNafutuhi, 14 vaPaturusi, vaKasiruhi (kunova ndiko kwakabva vaFiristia) navaKafitori.
15 Kenani akanga ari baba veava:
Sidhoni dangwe rake, navaHiti, 16 vaJebhusi, vaAmori, vaGirigashi,
17 vaHivhi, vaAriki, vaSini, 18 vaAvhadhi, vaZemari navaHamati.
(Shure kwaizvozvo dzimba dzavaKenani dzakapararira, 19 uye miganhu yavaKenani yakasvika kuSidhoni yakananga kuGerari kusvikira kuGaza, uyezve yakananga kuSodhomu, Gomora, Adhima neZebhoimi, kusvikira kuRasha.)
20 Ava ndivo vanakomana vaHamu nedzimba dzavo uye nemitauro yavo, munyika dzavo nendudzi dzavo.

*VaShemi*

21 Shemu akaberekerwawo vanakomana, mukoma wake akanga ari Jafeti; Shemu akanga ari tateguru wavanakomana vose vaEbheri.
22 Vanakomana vaShemu vaiti:
Eramu, Ashuri, Afakisadhi, Rudhi naAramu.
23 Vanakomana vaAramu vaiti:
Uzi, Huri, Geteri naMesheki.
24 Afakisadhi akanga ari baba vaShera,
uye Shera ari baba vaEbheri.
25 Ebheri akaberekerwa vanakomana vaviri:
Mumwe ainzi Peregi, nokuti pamazuva ake nyika yakakamurwa; zita romunun'una wake rainzi Jokitani.
26 Jokitani akanga ari baba veava vanoti:
Arimodhadhi, Sherefi, Hazamavheti, Jera, 27 Hadhoramu, Uzari,
Dhikira, 28 Obhari, Abhimaeri, Shebha, 29 Ofiri, Havhira naJobhabhi.
Vose ava vakanga vari vanakomana vaJokitani.
30 (Dunhu ravaigara raibvira kuMesha rakananga kuSefari, kunyika yezvikomo yokumabvazuva.)
31 Ava ndivo vanakomana vaShemu nedzimba dzavo uye nemitauro yavo, munyika dzavo nendudzi dzavo.

32 Idzi ndidzo dzimba dzavanakomana vaNoa maererano nezvizvarwa zvavo, pakati pendudzi dzavo. Kubva kuna ava ndudzi dzakapararira pamusoro penyika shure kwamafashamu.

# 11

*Shongwe yeBhabheri*

1 Zvino nyika yose yakanga ino rurimi rumwe chete nokutaura
kwakafanana. 2 Vanhu vakati vachitamira kumabvazuva, vakawana bani
romuShinari vakagaramo.
3 Vakataurirana vakati, "Uyai, ngatiitei zvidhina tigozvipisa kwazvo."
Vakashandisa zvidhina pachinzvimbo chamabwe, uye bhitumini ikava
dhaka ravo. 4 Ipapo vakati, "Uyai, ngatizvivakirei guta neshongwe
inosvika kudengadenga, kuti tizviitire mukurumbira uye kuti tirege
kupararira panyika yose."
5 Asi Jehovha akaburuka pasi kuti azoona guta neshongwe yakanga
ichivakwa navanhu. 6 Jehovha akati, "Kana vanhu ava vava somunhu
mumwe, vachitaura rurimi rumwe chete, vakatanga kuita izvi, zvino
hapana chinhu chavanoronga kuti vachiite chichavaomera. 7 Uyai,
ngatiburukei tindovapesanisa mutauro wavo kuti varege kunzwisisana."
8 Saka Jehovha akavaparadzira pamusoro penyika yose ipapo, uye
vakarega kuvaka guta. 9 Ndokusaka nzvimbo iyo yakanzi Bhabheri, nokuti
ipapo Jehovha akapesanisa mutauro wenyika yose. Kubva ipapo Jehovha
akavaparadzira pamusoro penyika yose.

*Kubva kuna Shemu kusvikira kuna Abhurama*

10 Iyi ndiyo rondedzero yamarudzi aShemu.

Makore maviri shure kwamafashamu, Shemu paakanga ava namakore
zana okuberekwa, akabereka Afakisadhi. 11 Uye shure kwokubereka

Afakisadhi, Shemu akararama kwamakore mazana mashanu uye
akava navamwe vanakomana navanasikana.
12 Afakisadhi akati ava namakore makumi matatu namashanu oku-
berekwa, akabereka Shera. 13 Uye shure kwokubereka kwake
Shera, Afakisadhi akararama kwamakore mazana mana namatatu uye
akazova navamwe vanakomana navanasikana.
14 Shera akati ava namakore makumi matatu okuberekwa, akabereka
Ebheri. 15 Uye shure kwokubereka kwake Ebheri, Shera akararama
kwamakore mazana mana namatatu uye akazova navamwe vanako-
mana navanasikana.
16 Ebheri akati ava namakore makumi matatu namana okuberekwa,
akabereka Peregi. 17 Uye shure kwokubereka kwake Peregi, Ebheri
akararama kwamakore mazana mana namakumi matatu uye akazova
navamwe vanakomana navanasikana.
18 Peregi akati ava namakore makumi matatu, okuberekwa akabereka
Reu. 19 Uye shure kwokubereka kwake Reu, Peregi akararama
kwamakore mazana maviri namapfumbamwe uye akazova navamwe
vanakomana navanasikana.
20 Reu akati ava namakore makumi matatu namaviri okuberekwa,
akabereka Serugi. 21 Uye shure kwokubereka kwake Serugi, Reu
akararama kwamakore mazana maviri namanomwe uye akazova
navamwe vanakomana navanasikana.
22 Serugi akati ava namakore makumi matatu okuberekwa, akabereka
Nahori. 23 Uye shure kwokubereka kwake Nahori, Serugi akararama
kwamakore mazana maviri uye akazova navamwe vanakomana
navanasikana.
24 Nahori akati ava namakore makumi maviri namapfumbamwe oku-
berekwa, akabereka Tera. 25 Uye shure kwokubereka kwake Tera,
Nahori akazorarama kwamakore zana negumi namapfumbamwe uye
akazova navamwe vanakomana navanasikana.
26 Shure kwokunge Nahori ava namakore makumi manomwe oku-
berekwa, akabereka Abhurama, Nahori naHarani.

27 Iyi ndiyo rondedzero yavana vaTera.

Tera akabereka Abhurama, Nahori naHarani. Uye Harani akabereka
Roti. 28 Baba vake Tera vachiri vapenyu Harani akafira muUri ravaKarad-
hea, munyika yaakaberekerwa, 29 vose vari vaviri Abhurama naNahori
vakawana. Zita romukadzi waAbhurama rainzi Sarai, uye zita romukadzi
waNahori rainzi Mirika; akanga ari mwanasikana waHarani, baba
vaMirika naIsika. 30 Zvino Sarai akanga asingabereki; akanga asina vana.
31 Tera akatora mwanakomana wake Abhurama, muzukuru wake Roti,
mwanakomana waHarani, nomuroora wake Sarai, mukadzi womwanako-
mana wake Abhurama, uye vakaenda kuUri yavaKaradhea pamwe chete
kuti vaende kuKenani. Asi vakati vasvika paHarani, vakagara ipapo.
32 Tera akararama kwamakore mazana maviri namashanu, uye akafira
paHarani.

# 12

*Kudanwa kwaAbhurama*
1 Jehovha akanga ati kuna Abhurama, “Siya nyika yako, vanhu vako
neimba yababa vako uye uende kunyika yandichakuratidza.

2 “Ndichakuita rudzi rukuru
uye ndichakuropafadza;
ndichaita kuti zita rako rive guru,
uye iwe uchava ropafadzo.
3 Ndicharopafadza vaya vanokuropafadza,
uye ani naani anokutuka ndichamutuka;
uye marudzi ose ari panyika
acharopafadzwa kubudikidza newe.”

4 Saka Abhurama akabva, sezvaakanga audzwa naJehovha; uye Roti
akaenda naye. Abhurama akanga ava namakore makumi manomwe
namashanu okuberekwa paakasimuka kubva paHarani. 5 Akatora
mukadzi wake Sarai, mwanakomana womunun’una wake Roti, pfuma
yose yavakanga vava nayo, navanhu vavakanga vawana muHarani, uye
vakasimuka vakaenda kunyika yeKenani, uye vakasvika ikoko.

6 Abhurama akafamba nomunyika kusvikira panzvimbo yomuti mukuru
weMore paShekemu. Panguva iyoyo vaKenani vakanga vari munyika.
7 Jehovha akazviratidza kuna Abhurama akati, “Ndichapa nyika iyi kuvana
vako.” Saka akavakira Jehovha aritari ipapo, iye akanga azviratidza
kwaari.

8 Kubva ipapo akaenda mberi akananga kuzvikomo zviri kumabvazuva
kweBheteri uye akadzika tende rake ikoko, Bheteri riri kumavirira uye
Ai riri kumabvazuva. Akavakira Jehovha aritari ipapo uye akadana
kuzita raJehovha. 9 Uye Abhurama akasimuka akaenda mberi akananga
kuNegevhi.

### *Abhurama muIjipiti*

10 Zvino nzara yakanga iripo panyika, uye Abhurama akaburuka
akaenda kuIjipiti kuti andogara ikoko kwechinguva nokuti nzara yakanga
iri huru kwazvo. 11 Paakanga oda kupinda muIjipiti, akati kumukadzi
wake, Sarai, “Ndinoziva kuti uri mukadzi akanakisa. 12 Pauchaonekwa
navaIjipita, vachati, ‘Uyu ndiye mukadzi wake.’ Ipapo vachandiuraya
asi iwe vachakurega uri mupenyu. 13 Saka uti uri hanzvadzi yangu, kuti
ndigobatwa zvakanaka nokuda kwako uye upenyu hwangu hucharwirwa
nokuda kwako.”

14 Abhurama akati asvika kuIjipiti, vaIjipita vakaona kuti akanga ane
mukadzi akanaka kwazvo. 15 Uye machinda aFaro vakati vamuona,
vakandomurumbidza kuna Faro, uye vakabva vamutora vakamupinza
mumuzinda wake. 16 Akabata Abhurama zvakanaka nokuda kwake, uye
Abhurama akava namakwai nemombe, makono embongoro namakadzi,
varandarume navarandakadzi uye nengamera.

17 Asi Jehovha akatambudza Faro neveimba yake nehosha yakaipisisa
nokuda kwaSarai mukadzi waAbhurama. 18 Saka Faro akadana Abhurama
akati, “Waiteiko kwandiri? Wakaregereiko kundiudza kuti uyu mukadzi
wako? 19 Seiko wakati, ‘Ihanzvadzi yangu,’ nokudaro ndakamutora kuti
ave mukadzi wangu? Naizvozvo zvino, hoyu mukadzi wako. Mutore
uende!” 20 Ipapo Faro akarayira varanda vake pamusoro paAbhurama,
vakamurega achienda nomukadzi wake uye nezvinhu zvose zvaakanga
anazvo.

## 13

### *Abhurama naRoti vanoparadzana*

1 Saka Abhurama akakwidza achibva kuIjipiti akaenda kuNegevhi,
nomukadzi wake uye nezvinhu zvose zvaakanga anazvo, uye Roti akaenda
naye. 2 Abhurama akanga apfuma kwazvo pamombe nesirivha uye
negoridhe.
3 Kubva kuNegevhi akafamba nzvimbo nenzvimbo kudzamara asvika
kuBheteri, kunzvimbo iri pakati peBheteri neAi kwaimbova netende rake
kare 4 uye kwaakanga atanga kuvaka aritari. Abhurama akadana kuzita
raJehovha ikoko.
5 Zvino Roti, uyo akanga achifamba naAbhurama, akanga ana makwai
nemombewo namatende. 6 Asi nyika haina kugona kuvaringana kuti
vagare pamwe chete, nokuti pfuma yavo yakanga yakawanda kwazvo
zvokuti vakanga vasisakwanisi kugara pamwe chete. 7 Uye gakava
rakamuka pakati pavafudzi vaAbhurama navafudzi vaRoti. VaKenani
navaPerizi vakanga vachigarawo munyika panguva iyoyo.
8 Saka Abhurama akati kuna Roti, “Ngaparege kuva negakava pakati
pako neni, kana pakati pavafudzi vako nevangu, nokuti tiri hama.
9 Ko, nyika yose iyi haisi pamberi pako here? Ngatiparadzane. Kana
ukaenda kuruboshwe, ini ndichaenda kurudyi; kana ukaenda kurudyi,
ini ndichaenda kuruboshwe.”
10 Roti akatarira kumusoro akaona bani rose reJorodhani kuti rakanga
rakanyatsonyorova, sebindu raJehovha, kufanana nenyika yeIjipiti,
kwakanangana neZoari. (Panguva iyi Jehovha akanga achigere kuparadza
Sodhomu neGomora.) 11 Saka Roti akazvisarudzira bani rose reJorodhani
uye akasimuka akananga kumabvazuva. Varume vaviri ava vaka-
paradzana: 12 Abhurama akagara munyika yeKenani, Roti akagara pakati
pamaguta omumapani uye akadzika matende ake pedyo neSodhomu.
13 Zvino varume veSodhomu vakanga vakaipa uye vaitadzira Jehovha
kwazvo.
14 Jehovha akati kuna Abhurama shure kwokubva kwaRoti, “Simudza
meso ako uri pauri ipapo uye utarire kumusoro nezasi, kumabvazuva
nokumavirira. 15 Nyika yose yauri kuona ndichakupa iwe navana vako
nokusingaperi. 16 Ndichaita kuti vana vako vave seguruva renyika,
zvokuti kana pano munhu angagona kuverenga guruva, naizvozvo vana
vako vachagona kuverengwawo. 17 Enda, famba munyika, muurefu
nomuupamhi hwayo, nokuti ndichaipa kwauri.”
18 Saka Abhurama akabvisa matende ake uye akandogara pedyo nemiti
mikuru yeMamure paHebhuroni, uye akavakira Jehovha aritari ipapo.

# 14

*Abhurama anonunura Roti*

1 Panguva iyoyo Amuraferi mambo weShinari, Arioki mambo weErasa,
Kedhoraomeri mambo weEramu naTidhari mambo weGoyimi 2 vakaenda
kundorwa naBhera mambo weSodhomu, Bhirisha mambo weGomora,
Shinabhi mambo weAdhima, Shemebheri mambo weZebhoimi, uye
namambo weBhera (ndiro Zoari). 3 Madzimambo ose aya akabatana
pakurwa muMupata weSidhimi (ndiro Gungwa roMunyu). 4 Vakanga vari
varanda vaKedhoraomeri kwamakore gumi namaviri, asi vakamumukira
mugore regumi namatatu.
5 Mugore regumi namana, Kedhoraomeri namadzimambo ainzwanana
naye vakabuda vakandokunda vaRefaiti muAshiteroti Kanaimi, ivo vaZuzi
muHamu, vaEmi muShavhe Kiriataimi 6 navaHori munyika yezvikomo

yeSeiri, kusvikira kuEri Parani pedyo negwenga. 7 Ipapo vakadzokera
vakaenda kuEni Mishipati (ndiro Kadheshi), uye vakakunda nyika yose
yavaAmareki, pamwe chete navaAmori vakanga vachigara muHazazoni
Tamari.
8 Ipapo mambo weSodhomu, mambo weGomora, mambo weAd-
hima, mambo weZebhoimi namambo weBhera (ndiro, Saori) vakabuda
vakamira panzvimbo yavo yehondo muMupata weSidhimi 9 kuti varwe
naKedhoraomeri mambo weEramu, Tidhari mambo weGoyimi, Amuraferi
mambo weShinari naArioki mambo weErasa, madzimambo mana achirwa
namadzimambo mashanu. 10 Zvino mupata weSidhimi wakanga uzere
namakomba etara, uye madzimambo eSodhomu neGomora paakatiza,
vamwe varume vakawira maari uye vakasara vakatizira kuzvikomo.
11 Madzimambo mana aya akatora pfuma yose yeSodhomu neGomora
nezvokudya zvavo zvose vakaenda. 12 Vakatorawo Roti mwanakomana
womunun'una waAbhurama nepfuma yake, sezvo akanga achigara mu-
Sodhomu.
13 Mumwe akapunyuka akauya akasvikoudza Abhurama muHebheru.
Zvino Abhurama akanga achigara pedyo nemiti mikuru yaMamure
muAmori, munun'una waEshikori naAneri, avo vose vainzwanana naAb-
hurama. 14 Abhurama akati anzwa kuti hama yake yakanga yatapwa,
akadana varume vakanga vadzidziswa kurwa mazana matatu negumi
navasere vakaberekerwa mumba make vakavatevera kusvikira paDhani.
15 Abhurama akapatsanura vanhu vake panguva dzousiku kuti vandovar-
wisa, uye vakavakunda, vakavatevera kusvikira paHobhabhi, kumusoro
kweDhamasiko. 16 Akadzosa zvinhu zvose uye akadzosawo hama yake
Roti nepfuma yake, pamwe chete navakadzi navamwe vanhu.
17 Shure kwokudzoka kwaAbhurama akunda Kedhoraomeri namadzi-
mambo akanga abatana naye, mambo weSodhomu akabuda kuti azosan-
gana naye muMupata weShavhe (ndiwo Mupata waMambo).
18 Ipapo Merikizedheki mambo weSaremu akamuvigira chingwa
newaini. Akanga ari muprista waMwari Wokumusoro-soro, 19 uye
akaropafadza Abhurama, achiti,

"Abhurama ngaaropafadzwe naMwari Wokumusoro-soro,
Musiki wedenga napasi.
20 Uye Mwari Wokumusoro-soro ngaakudzwe,
akaisa vavengi vako muruoko rwako."

Ipapo Abhurama akamupa chegumi chezvinhu zvose.
21 Mambo weSodhomu akati kuna Abhurama, "Ndipe vanhu
uzvichengetere hako pfuma."
22 Asi Abhurama akati kuna mambo weSodhomu, "Ndakasimudzira
ruoko rwangu kuna Jehovha, Mwari Wokumusoro-soro, Musiki we-
denga napasi, uye ndakaita mhiko 23 kuti handizogamuchiri chinhu
chako, kunyange rushinda kana rukanda rweshangu, kuti urege kuzoti,
'Ndakapfumisa Abhurama.' 24 Handina chinhu chandinogamuchira kunze
kwezvakadyiwa navanhu vangu uye mugove wavanhu vakaenda neni,
Aneri, Shikori naMamure. Ngavatore mugove wavo ivavo."

# 15

*Sungano yaMwari naAbhurama*

1 Shure kwaizvozvo shoko raJehovha rakasvika kuna Abhurama muchi-
ratidzo richiti:

"Usatya, Abhurama.
Ndiri nhoo yako,
mubayiro wako mukuru chaizvo."

2 Asi Abhurama akati, "Haiwa Ishe Jehovha, muchandipeiko sezvo
ndisina mwana uye Eriezeri weDhamasiko ndiye achava mudyi wenhaka
yangu here?" 3 Uye Abhurama akati, "Hamuna kundipa vana; saka
muranda ari mumba mangu ndiye achava mudyi wenhaka yangu."

4 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwaari richiti, "Murume uyu
haangavi mudyi wenhaka yako, asi mwanakomana anobva mumuviri
wako ndiye achava mudyi wenhaka yako." 5 Akamutora akamubudisa
panze akati, "Tarisa kumusoro kumatenga uye uverenge nyeredzi uone
zvirokwazvo kana ukakwanisa kudziverenga." Ipapo akati kwaari,
"Ndizvo zvichaita vana vako."

6 Abhurama akatenda Jehovha, uye iye akamuti ndiko kururama kwake.

7 Akatiwo kwaari, "Ndini Jehovha, akakubudisa munyika yeUri
yavaKaradhea kuti ndikupe nyika iyi kuti uitore ive yako."

8 Asi Abhurama akati, "Haiwa Ishe Jehovha, ndingaziva seiko kuti
ndichaitora?"

9 Saka Jehovha akati kwaari, "Ndivigire tsiru, mbudzi negondobwe,
chimwe nechimwe chazvo china makore matatu pamwe chete nenjiva uye
nehangaiwa."

10 Abhurama akauyisa zvose izvi kwaari, akazvigura napakati uye
akaronga hafu dzacho dzakatarisana; asi shiri haana kudzipamura
napakati. 11 Ipapo shiri dzinodya nyama dzakaburukira panyama, asi
Abhurama akadzidzinga.

12 Zuva parakanga rovira, Abhurama akabatwa nehope huru, uye rima
guru rinotyisa rakauya pamusoro pake. 13 Ipapo Jehovha akati kwaari,
"Uzive zvirokwazvo kuti zvizvarwa zvako zvichava vatorwa munyika isati
iri yavo, uye vachabatwa senhapwa uye vachibatwa zvakaipa kwamakore
mazana mana. 14 Asi ndicharanga rudzi rwavachashandira senhapwa, uye
shure kwaizvozvo vachabuda vaine pfuma zhinji kwazvo. 15 Kunyange
zvakadaro, iwe uchaenda kumadzibaba ako norugare uye uchavigwa
wakwegura kwazvo. 16 Parudzi rwechina, zvizvarwa zvako zvichadzoka
pano, nokuti chivi chavaAmori hachisati chasvika pakuzara kwacho."

17 Zuva rakati ravira, uye kwasviba, choto chinopfungaira utsi uye
nomwenje unopfuta zvakaonekwa uye zvikapfuura napakati penhindi.
18 Pazuva iro, Jehovha akaita sungano naAbhurama akati, "Nyika iyi
ndinoipa kuzvizvarwa zvako, kubva kurwizi rweIjipiti kusvikira kurwizi
rukuru, Yufuratesi, 19 nyika yavaKeni, navaKenazi, vaKadhimoni, 20 vaHiti,
vaPerizi, vaRefaimi, 21 vaAmori, vaKenani, vaGirigashi navaJebhusi."

# 16

*Hagari naIshumaeri*

1 Zvino Sarai, mukadzi waAbhurama, akanga asina kumuberekera vana.
Asi iye akanga ano murandakadzi wechiIjipita ainzi Hagari; 2 saka akati
kuna Abhurama, "Jehovha akandikonesa kubereka vana. Enda hako
undovata nomurandakadzi wangu; zvimwe ndingaita mhuri kubudikidza
naye."

Abhurama akabvuma zvakanga zvataurwa naSarai. 3 Saka shure
kwokugara kwaAbhurama kwamakore gumi muKenani, Sarai mukadzi

wake akatora Hagari murandakadzi wake wechiIjipita akamupa kumu-
rume wake kuti ave mukadzi wake. 4 Akavata naHagari uye Hagari
akabata pamuviri.
Paakaziva kuti akanga ava napamuviri, akatanga kuzvidza tenzikadzi
wake. 5 Ipapo Sarai akati kuna Abhurama, "Ndiwe waita kuti nditam-
budzike. Ndakaisa murandakadzi wangu mumaoko ako, uye zvino zvaava
kuziva kuti ava napamuviri, ava kundizvidza. Mwari ngaatonge pakati
pangu newe."
6 Abhurama akati, "Murandakadzi wako ari mumaoko ako. Ita naye
zvaunofunga kuti zvakaisvonaka." Ipapo Sarai akabata Hagari zvakaipa;
saka akatiza.
7 Mutumwa waJehovha akawana Hagari ari pedyo netsime raiva
murenje; rakanga riri tsime rakanga riri parutivi pomugwagwa unoenda
kuShuri. 8 Uye akati, "Hagari, murandakadzi waSarai, wabvepiko, uye uri
kuendepiko?"
Iye akati, "Ndiri kutiza kubva kuna tenzikadzi wangu Sarai."
9 Ipapo mutumwa waJehovha akati kwaari, "Dzokera kuna tenzikadzi
wako undozvininipisa pasi pake." 10 Mutumwa akatizve, "Ndichawandisa
zvizvarwa zvako zvokuti havangaverengeki."
11 Mutumwa waJehovha akatiwo kwaari:
"Iye zvino wava nemimba
uye uchava nomwanakomana.
Uchamutumidza zita rokuti Ishumaeri,
nokuti Jehovha anzwa nezvokutambura kwako.
12 Achava mbongoro yomusango:
ruoko rwake rucharwa navanhu vose
uye ruoko rwavanhu vose rucharwa naye,
uye achararama mukupesana
nehama dzake dzose."
13 Hagari akapa zita iri kuna Jehovha akataura naye akati: "Ndimi
Jehovha anondiona," nokuti akati, "Zvino ndaona Iye anondiona."
14 Ndokusaka tsime rakanzi Bheeri Rahai Roi; richiripo, pakati peKadheshi
neBheredhi.
15 Saka Hagari akaberekera Abhurama mwanakomana, uye Abhu-
rama akapa zita rokuti Ishumaeri kumwanakomana waakanga abereka.
16 Abhurama akanga ava namakore makumi masere namatanhatu oku-
berekwa paakaberekerwa mwanakomana naHagari.

# 17

*Sungano yoKudzingiswa*

1 Abhurama akati ava namakore makumi mapfumbamwe namap-
fumbamwe okuberekwa, Jehovha akazviratidza kwaari akati, "Ndini
Mwari Wamasimba Ose; famba pamberi pangu uye uve wakarurama.
2 Ndichasimbisa sungano yangu pakati pangu newe uye ndichakukurisa
kwazvo."
3 Abhurama akawira pasi nechiso chake, uye Mwari akati kwaari,
4 "Kana ndirini, iyi ndiyo sungano yangu newe: Uchava baba vendudzi
zhinji. 5 Hauchazonzi Abhurama; zita rako richanzi Abhurahama
nokuti ndakuita baba vendudzi zhinji. 6 Ndichakuita kuti uve navana
vazhinji; ndichaita ndudzi kubva mauri, uye madzimambo achabva pauri.
7 Ndichasimbisa sungano yangu sesungano isingaperi pakati pangu newe

uye nezvizvarwa zvako zvinotevera kumarudzi achauya, kuti ndive Mwari
wako naMwari wezvizvarwa zvako zvinotevera. 8 Nyika yose yeKenani,
mauri mutorwa zvino, ndichaipa kwauri nokusingaperi kuti ive yako
nezvizvarwa zvako zvinokutevera; uye ini ndichava Mwari wavo.”

9 Ipapo Mwari akati kuna Abhurahama, “Kana uriwe, unofanira
kuchengeta sungano yangu, iwe nezvizvarwa zvako zvinokutevera ku-
marudzi achauya. 10 Iyi ndiyo sungano yangu newe nezvizvarwa zvako
zvinokutevera, sungano yaunofanira kuchengeta: Munhurume wose ari
pakati penyu anofanira kudzingiswa. 11 Munofanira kudzingiswa, uye
ichi chichava chiratidzo chesungano pakati pangu newe. 12 Kubva
kuzvizvarwa zvinotevera, mwanakomana mumwe nomumwe ari pakati
penyu ava namazuva masere okuberekwa anofanira kudzingiswa, kusan-
ganisa navaya vakaberekerwa mumba mako kana vakatengwa nemari
kumutorwa, vaya vasiri vana vako. 13 Angava akaberekerwa mumba
mako kana akatengwa nemari yako, vanofanira kudzingiswa. Sungano
yangu panyama yenyu inofanira kuva sungano isingaperi. 14 Munhurume
upi zvake, asina kudzingiswa panyama, achabviswa pavanhu vokwake;
aputsa sungano yangu.”

15 Mwari akatiwo kuna Abhurahama, “Kana ari Sarai mukadzi wako,
hauchazomutizve Sarai; zita rake richanzi Sara. 16 Ndichamuropafadza
uye zvirokwazvo ndichakupa mwanakomana naye. Ndichamuropafadza
kuitira kuti agozova mai vendudzi; madzimambo amarudzi achabva
kwaari.”

17 Abhurahama akawira pasi nechiso chake, akaseka uye akati mum-
woyo make, “Ko, mwanakomana angaberekwa nomunhu ava namakore
zana okuberekwa here? Ko, Sara angabereka mwana iye ava namakore
makumi mapfumbamwe here?” 18 Uye Abhurahama akati kuna Mwari,
“Dai hazvo Ishumaeri agara hake pamaropafadzo enyu!”

19 Ipapo Mwari akati, “Hongu, asi mukadzi wako Sara achakuberekera
mwanakomana, uye uchamutumidza kuti Isaka. Ndichasimbisa sungano
yangu sesungano isingaperi yezvizvarwa zvake zvinomutevera. 20 Uye
kana ari Ishumaeri, ndakanzwa: Ndichamuropafadza zvirokwazvo,
ndichamuita kuti ave navana vazhinji uye ndichaita kuti vawande
kwazvo. Achava baba wavatongi gumi navaviri, uye ndichamuita rudzi
rukuru. 21 Asi ndichasimbisa sungano yangu naIsaka, uyo achaberekerwa
iwe naSara nenguva ino gore rinouya.” 22 Akati apedza kutaura
naAbhurahama, Mwari akakwira kumusoro achibva paari.

23 Pazuva racho iroro Abhurahama akatora mwanakomana wake Ishu-
maeri navose vakaberekwa mumba make kana vakanga vatengwa nemari,
vanhurume vose vaiva mumba make, akavadzingisa, sezvaakanga audzwa
naMwari. 24 Abhurahama akanga ava namakore makumi mapfum-
bamwe namapfumbamwe okuberekwa paakadzingiswa, 25 uye Ishumaeri
mwanakomana wake akanga ava namakore gumi namatatu okuberekwa;
26 Abhurahama naIshumaeri mwanakomana wake vakadzingiswa vose
zuva rimwe chete iroro. 27 Uye munhurume wose aiva mumba maAbhu-
rahama, kusanganisa vaya vakaberekerwa mumba make kana vakanga
vatengwa kubva kuvatorwa, vakadzingiswa pamwe chete naye.

# 18

*Vatumwa Vatatu*

1 Jehovha akazviratidza kuna Abhurahama pedyo nemiti mikuru
yeMamure panguva yaakanga agere pamukova wokupinda patende rake
masikati zuva richipisa. 2 Abhurahama akasimudza meso ake ndokuona
varume vatatu vamire naye. Akati avaona, akamhanya achibva pamukova
wetende rake kuti andosangana navo uye akakotamira pasi.
3 Akati, "Kana ndawana nyasha pamberi penyu, ishe wangu, musap-
fuura henyu muranda wenyu. 4 Regai muvigirwe mvura shoma,
mugoshamba tsoka dzenyu mose uye mugozorora pasi pomuti uyu.
5 Regai ndikutorerei zvokudya kuti mudye, kuitira kuti musimbiswe ipapo
mugoenderera henyu mberi norwendo rwenyu, sezvo zvino masvika
pamuranda wenyu."
Vakapindura vakati, "Zvakanaka, ita hako sezvawareva."
6 Saka Abhurahama akakurumidza kuenda kutende kuna Sara.
Akati kwaari, "Kurumidza, tora zviero zvitatu* zvoupfu hwakatsetseka
uhukanye ugobika chingwa."
7 Ipapo iye akamhanyira kumombe akandosarudza mhuru yakaisvon-
aka, akaipa kumuranda, uyo akakurumidza kuigadzira. 8 Ipapo akauyisa
ruomba nomukaka uye nemhuru yakanga yagadzirwa, akazvigadzika
pamberi pavo. Pavakanga vachidya, akamira pedyo navo pasi pomuti.
9 Vakamubvunza vakati, "Mukadzi wako Sara aripiko?"
Iye akati, "Ari mutende umo."
10 Ipapo Jehovha akati, "Zvirokwazvo ndichadzokazve gore rinouya
nenguva inenge seino, uye Sara mukadzi wako achava nomwanakomana."
Zvino Sara akanga achiteerera ari pamukova wetende wakanga uri
shure kwake. 11 Abhurahama naSara vakanga vakwegura uye vava
namakore mazhinji, uye Sara akanga atopfuura zera rokubereka vana.
12 Saka Sara akaseka mumwoyo make paakafunga achiti, "Ndichazovawo
nomufaro uyu here zvino shure kwokuchembera kwangu, vatenzi vangu
vakwegura?"
13 Ipapo Jehovha akati kuna Abhurahama, "Seiko Sara aseka achiti,
'Ndichava nomwana zvechokwadi here, sezvo zvino ndakwegura?'
14 Pane chinhu chakaoma kuna Jehovha here? Ndichadzokazve kwauri
gore rinouya senguva dzakatarwa uye Sara achava nomwanakomana."
15 Sara akatya, saka akareva nhema akati, "Handina kuseka."
Asi iye akati, "Hongu, waseka."

### *Abhurahama anokumbirira Sodhomu*

16 Varume vakati vasimuka kuti vaende, vakatarisa vakananga zasi
kuSodhomu, uye Abhurahama akafamba navo achivaperekedza. 17 Ipapo
Jehovha akati, "Ko, ndichavanzira Abhurahama zvandiri kuda kuita
here. 18 Zvirokwazvo Abhurahama achava rudzi rukuru rune simba, uye
ndudzi dzose dzapanyika dzicharopafadzwa kubudikidza naye. 19 Nokuti
ndakamusarudza kuti agotungamirira vana vake neveimba yake kuti
vachengete nzira yaJehovha nokuita zvakanaka nezvakarurama, kuitira
kuti Jehovha agouyisa pamusoro paAbhurahama zvaakamuvimbisa."
20 Ipapo Jehovha akati, "Kuchema pamusoro peSodhomu neGomora
kukuru kwazvo uye chivi chavo chaipisisa 21 zvokuti ndichaburuka kuti
ndinoona kana zvavakaita zvakanyanya kuipa sokuchema kwakasvika
kwandiri. Kana zvisina kudaro, ndichazviziva."
22 Vanhu vaya vakabvapo uye vakaenda vakananga kuSodhomu, asi
Abhurahama akaramba amire pamberi paJehovha. 23 Ipapo Abhurahama

* **18:6** 18:6 marita angaita 22

akaswedera kwaari akati, "Ko, muchaparadza vakarurama pamwe chete
navakaipa here? 24 Ko, kana muguta mune vanhu makumi mashanu
vakarurama? Muchariparadza zvechokwadi here mukasasiya nzvimbo
iyo nokuda kwavanhu makumi mashanu varimo? 25 Zvakadaro ngazvive
kure nemi kuti muite chinhu chakadai, kuti muuraye vakarurama
pamwe chete navatadzi, muchiitira vakarurama zvakafanana navatadzi.
Zvakadaro ngazvive kure nemi! Ko, mutongi wenyika yose haangaiti
zvakarurama here?"

26 Jehovha akati, "Kana ndikawana vanhu vakarurama makumi
mashanu vari muguta reSodhomu, ndichaponesa nzvimbo yose nokuda
kwavo."

27 Ipapo Abhurahama akataurazve akati, "Zvino zvandatanga kudai
kuti nditaure kuna Ishe, kunyange hazvo ndisiri chinhu asi guruva
namadota, 28 ko, kana kukashayikwa vashanu kune vakarurama vana
makumi mashanu? Muchaparadza guta rose nokuda kwavashanu ava
here?"

Akati, "Kana ndikawana makumi mana navashanu imomo, handingari-
paradzi."

29 Zvakarezve akataura kwaari akati, "Ko, kana kukawanikwa makumi
mana chete?"

Iye akati, "Nokuda kwamakumi mana iwayo, handingaiti izvozvo."

30 Ipapo akati, "Ishe ngaarege kunditsamwira, asi regai nditaure hangu.
Ko, kana makumi matatu chete vakawanikwamo?"

Iye akapindura akati, "Handingaiti izvozvo kana ndikawana makumi
matatu chete."

31 Abhurahama akati, "Zvino zvandatsunga hangu kudai kuti nditaure
kuna Ishe, ko, kana makumi maviri akawanikwamo?"

Iye akati, "Nokuda kwamakumi maviri iwayo, handingariparadzi."

32 Ipapo akati, "Ishe ngaarege kunditsamwira, asi regai hangu nditau-
rezve kamwe chete. Ko, kana gumi chete vakawanikwamo?"

Iye akapindura akati, "Nokuda kwaivavo gumi, handingariparadzi."

33 Jehovha akati apedza kutaura naAbhurahama, akabva, uye Abhura-
hama akadzoka kumba kwake.

# 19

*Sodhomu neGomora zvinoparadzwa*

1 Vatumwa vaviri vakasvika muSodhomu madekwana, uye Roti akanga
agere pasuo reguta. Akati achivaona, akasimuka kuti andosangana navo
uye akakotamisa uso hwake pasi. 2 Akati, "Madzishe angu, ndapota hangu
tsaukirai henyu kumba kwomuranda wenyu. Mushambidze henyu tsoka
dzenyu uye mugovata usiku huno, ipapo mugoenda henyu mangwana
mangwanani."

Ivo vakati, "Kwete, tichavata hedu pachivara usiku huno."

3 Asi akavakumbirisa zvokuti vakatenda kuenda naye uye vakapinda
mumba make. Akavagadzirira zvokudya, akabika chingwa chisina
mbiriso, uye vakadya. 4 Vasati vaenda kundovata, varume vose vaibva
kumativi ose eguta reSodhomu, vose vaduku navakuru, vakakomba imba.
5 Vakadana Roti vachiti, "Varipiko varume vapinda mumba mako usiku
huno? Vaburitse kuno kwatiri kuti tivate navo."

6 Roti akabuda kunze kuti andosangana navo uye akapfiga mukova
shure kwake, 7 akati, "Kwete, shamwari dzangu. Regai kuita chinhu ichi

chakaipa. 8 Tarirai, ndina vanasikana vaviri vasina kutongovata nomu-
rume. Regai ndivabudisire kwamuri uye mungagona kuita zvamunoda
navo. Asi musaita kana chinhu kuvarume ava, nokuti vakavanda pasi
pedenga rangu.”

9 Ivo vakati, “Suduruka!” Uye vakati, “Munhu uyu akauya pano
ari mutorwa, asi zvino ava kuda kutitonga! Tichakuitira zvakaipa iwe
kupfuura ivo.” Vakaramba vachimanikidza Roti uye vakaswedera mberi
kuti vapaze gonhi.

10 Asi varume vaiva mukati vakatambanudza maoko avo vakakwevera
Roti mumba uye vakapfiga mukova. 11 Ipapo vakapofumadza varume
vakanga vari pamukova wemba, vaduku navakuru, zvokuti havana
kuzogona kuona mukova.

12 Varume vaviri vakati kuna Roti, “Una vamwe vanhu pano here,
vakuwasha, vanakomana kana vanasikana, kana mumwe wako zvake
ari muguta? Vabudise muno, 13 nokuti tiri kuzoparadza nzvimbo ino.
Kuchema kuna Jehovha pamusoro pavanhu ava kwakura zvokuti atituma
kuzoriparadza.”

14 Saka Roti akabuda akandotaura kuvakuwasha vake, vakanga vatsidza
kuti vachawana vanasikana vake, akati, “Kurumidzai kubva panzvimbo
ino, nokuti Jehovha ava kuda kuparadza guta!” Asi vakuwasha vake
vakafunga kuti aiita zveje-e navo.

15 Mambakwedza, vatumwa vakakurudzira Roti vachiti, “Kurumidza!
Tora mukadzi wako navanasikana vako vaviri vaunavo, kuti murege
kuparadzwa kana guta roparadzwa.”

16 Akati achinonoka, varume vakabata ruoko rwake uye namaoko
omukadzi wake neavanasikana vake vaviri vakavabudisa zvakanaka
kunze kweguta, nokuti Jehovha akavanzwira tsitsi. 17 Vakati vachang-
ovabudisa kunze, mumwe wavo akati, “Tizai nokuda kwoupenyu hwenyu!
Musacheuka, uye musamira papi zvapo mubani! Tizirai kumakomo kuti
murege kuparadzwa!”

18 Asi Roti akati kwavari, “Kwete, madzibaba angu, ndapota! 19 Muranda
wenyu awana nyasha pamberi penyu, uye maratidza unyoro hukuru
kwandiri zvamarwira upenyu hwangu. Asi handigoni kutizira kumakomo;
njodzi iyi ingazondibata, uye ndingazofa. 20 Tarirai, herino guta riri pedyo
randingatizira kwariri, uye iduku zvaro. Regai nditizire kwariri, iduku
kwazvo, handizvo here? Ipapo upenyu hwangu hucharwirwa.”

21 Akati kwaari, “Zvakanaka, ndichaitawo zvawakumbira; handisi
kuzoparadza guta rauri kureva. 22 Asi chitizirai ikoko nokukurumidza,
nokuti handigoni kuita chinhu chipi zvacho kusvikira masvika kwariri.”
(Ndokusaka guta iro richinzi Zoari.)

23 Kusvika kwakaita Roti paZoari, zuva rakanga rakwira pamusoro
penyika. 24 Ipapo Jehovha akanayisa safuri inopfuta pamusoro peSod-
homu neGomora, zvichibva kudenga kuna Jehovha. 25 Naizvozvo aka-
paradza maguta ayo uye nebani rose, navose vakanga vagere mumaguta
uyewo nezvose zvakanga zvamera munyika. 26 Asi mukadzi waRoti
akacheuka, akava shongwe yomunyu.

27 Fume mangwana mangwanani Abhurahama akamuka akadzokera
kunzvimbo yaakanga amira pamberi paJehovha. 28 Akatarisa zasi
kwakanangana nokuSodhomu neGomora, kwakatarisana nokunyika yose
yebani, akaona utsi hwakawanda huchisimuka kubva panyika, kufanana
noutsi hunobva pachoto.

29 Saka Mwari paakaparadza maguta omubani, akarangarira Abhura-
hama, uye akabudisa Roti kubva panjodzi yakaparadza maguta makanga
muchigara Roti.

### *Roti naVanasikana Vake*

30 Roti navanasikana vake vaviri vakabva paZoari vakandogara mu-
makomo, nokuti akanga achitya kugara muZoari. Iye navanasikana vake
vakagara mubako. 31 Rimwe zuva mwanasikana wake mukuru akati
kumuduku wake, "Baba vedu vakwegura, uye pano hapana varume vokuti
vavate nesu, setsika yenyika yose. 32 Ngatinwisei baba vedu waini tigorara
navo kuti tichengetedze rudzi rwedu kubudikidza nababa vedu."
33 Usiku ihwohwo vakanwisa baba vavo waini, uye mwanasikana
mukuru akapinda akavata navo. Ivo havana kuziva kuvata kwake pasi
kana kumuka kwake.
34 Pazuva rakatevera mwanasikana mukuru akati kumuduku wake,
"Madeko ndakavata nababa vangu. Ngativanwiseizve waini usiku
huno, iwe ugopinda undovata navo kuitira kuti tichengete rudzi rwedu
kubudikidza nababa vedu." 35 Saka vakaita kuti baba vavo vanwezve
waini usiku ihwohwo uye mwanasikana muduku akapinda akandovata
navo. Ivo havana kuziva kuvata kwake pasi kana kumuka kwake.
36 Saka vanasikana vose vaRoti vakava nemimba nababa vavo.
37 Mwanasikana mukuru akava nomwanakomana, akamutumidza zita
rokuti Moabhu; ndiye baba wavaMoabhu vanhasi. 38 Mwanasikana
muduku akavawo nomwanakomana, uye akamutumidza zita rokuti
Bheni-Ami; ndiye baba wavaAmoni vanhasi.

# 20

### *Abhurahama naAbhimereki*

1 Zvino Abhurahama akabvapo akapinda mudunhu rokuNegevhi akan-
dogara pakati peKadheshi neShuri. Akagara muGerari kwechinguva, 2 uye
ikoko Abhurahama akati nezvomukadzi wake Sara, "Ihanzvadzi yangu."
Ipapo Abhimereki mambo weGerari akatuma vanhu kuti vandotora Sara.
3 Asi Mwari akauya kuna Abhimereki usiku mukurota uye akati kwaari,
"Wakangoita somunhu akafa nokuda kwomukadzi wawatora; mukadzi
womunhu."
4 Zvino Abhimereki akanga asati aswedera kwaari, saka akati, "Ishe,
muchaparadza rudzi rusina mhosva here? 5 Ko, iye haana kuti kwandiri,
'Ihanzvadzi yangu' here, naiyewo mukadzi haana kuti kwandiri 'Ihanz-
vadzi yangu' here? Ndakaita izvi nehana yakachena uye namaoko
akachena."
6 Ipapo Mwari akati kwaari mukurota, "Hongu, ndinozviziva kuti
wakaita izvi nehana yakachena, nokudaro ndakukonesa kuti unditadzire.
Ndokusaka ndisina kukutendera kuti umubate. 7 Zvino chidzosera
mukadzi womurume uyu, nokuti muprofita, uye achakunyengeterera
urarame. Asi kana usina kumudzosa, uzive kuti iwe navose vari vako
muchafa."
8 Mangwanani akatevera Abhimereki akadana varanda vake vose,
uye paakavaudza zvose zvakanga zvaitika, vakatya kwazvo. 9 Ipapo
Abhimereki akadana Abhurahama kuti apinde akati, "Waiteiko kwatiri?
Ndakakutadzira zvakaita seiko zvawauyisa mhosva huru yakadai pa-
musoro pangu napamusoro poumambo hwangu? Wandiitira zvinhu
zvisingafaniri kuitwa." 10 Uye Abhimereki akabvunza Abhurahama akati,
"Wakaoneiko chakaita kuti uite izvi?"

11 Abhurahama akapindura akati, "Ndakati mumwoyo mangu, 'Zvi-
rokwazvo munzvimbo ino hamuna kutya Mwari, uye vachandiuraya
nokuda kwomukadzi wangu.' 12 Zvisinei hazvo, zvirokwazvo ihanzvadzi
yangu, mwanasikana wababa vangu kunyange hazvo asina kuberekwa na-
mai vangu; uye akazova hake mukadzi wangu. 13 Uye Mwari paakandiita
kuti ndifambe kubva paimba yababa vangu, ndakati kwaari, 'Izvi ndizvo
zvaungandiratidza nazvo madiro aunondiita: Kwose kwatinoenda, utaure
pamusoro pangu uchiti, "Ihanzvadzi yangu." ' "

14 Ipapo Abhimereki akauya namakwai nemombe uye navarandarume
navarandakadzi akavapa kuna Abhurahama, uye akadzosa Sara mukadzi
wake. 15 Uye Abhimereki akati, "Nyika yangu iri pamberi pako; gara
paunoda."

16 Kuna Sara akati, "Ndiri kupa hanzvadzi yako mashekeri chiuru*
esirivha. Ichi ndicho chichava chifukidzo pamusoro pemhosva yandakaita
kwauri pamberi pavose vaunavo; waruramiswa kwazvo."

17 Ipapo Abhurahama akanyengetera kuna Mwari, uye Mwari akaporesa
Abhimereki, mukadzi wake uye navarandakadzi vake kuti vakwanise
kuita vana zvakare, 18 nokuti Jehovha akanga azarira zvizvaro zvavo zvose
muimba yaAbhimereki nokuda kwaSara mukadzi waAbhurahama.

# 21

*Kuberekwa kwaIsaka*

1 Zvino Jehovha akaitira Sara nyasha sezvaakanga areva, uye Je-
hovha akaitira Sara zvaakanga avimbisa. 2 Sara akava nemimba
uye akaberekera Abhurahama mwanakomana munguva yokukwegura
kwake, panguva chaiyo yakanga yavimbiswa naMwari. 3 Abhurahama
akatumidza mwanakomana waakaberekerwa naSara zita rokuti Isaka.
4 Mwanakomana wake Isaka paakanga ava namazuva masere oku-
berekwa, Abhurahama akamudzingisa, sezvaakanga arayirwa naMwari.
5 Abhurahama akanga ava namakore okuberekwa zana paakaberekerwa
mwanakomana wake Isaka.

6 Sara akati, "Mwari andivigira kuseka, uye vose vachanzwa nezvazvo
vachaseka neni." 7 Uye akatizve, "Ndianiko aizoti kuna Abhurahama,
Sara achazorera vana? Asi ndamuberekera mwanakomana panguva
yokukwegura kwake."

*Hagari naIshumaeri vanodzingwa*

8 Mwana akakura uye akarumurwa, uye pazuva rakarumurwa Isaka,
Abhurahama akaita mutambo mukuru. 9 Asi Sara akaona mwanako-
mana akanga aberekerwa Abhurahama naHagari muIjipita achiseka,
10 ndokubva ati kuna Abhurahama, "Dzinga mukadzi murandakadzi uyo
nomwanakomana wake, nokuti mwanakomana womurandakadzi uyo
haangatongogovani nhaka nomwanakomana wangu Isaka."

11 Nyaya iyi yakatambudza Abhurahama zvikuru kwazvo nokuti yaiva
nechokuita nomwanakomana wake. 12 Asi Mwari akati kwaari, "Us-
anyanya kutambudzika hako pamusoro pomukomana uye napamusoro
pomurandakadzi wako. Teerera zvaunoudzwa naSara, nokuti muna Isaka
ndimo muchaverengerwa vana vako. 13 Ndichaitawo rudzi kubudikidza
nomwanakomana womurandakadzi, nokuti naiyewo mwana wako."

* **20:16** 20:16 makirogiramu angaita 11.5

14 Mangwanani akatevera, Abhurahama akatora zvokudya neguchu redehwe rine mvura akazvipa kuna Hagari. Akazviisa pamapfudzi ake ipapo akamuendesa pamwe chete nomukomana. Akaenda uye akadzungaira ari mugwenga reBheerishebha.

15 Mvura yaiva muguchu redehwe yakati yapera, akaisa mukomana
pasi pegwenzi. 16 Ipapo akabvapo akandogara pedyo naipapo, nhambwe
inenge ingasvika museve, nokuti akafunga mumwoyo make akati, "Handingatariri mukomana achifa." Uye agere pedyo ipapo akatanga kuchema.

17 Mwari akanzwa mukomana achichema, uye mutumwa waMwari
akadana Hagari kubva kudenga akati kwaari, "Zvaita seiko Hagari? Usatya; Mwari anzwa kuchema kwomukomana paakavata apo. 18 Simudza
mukomana umubate noruoko, nokuti ndichamuita rudzi rukuru."

19 Ipapo Mwari akasvinudza meso ake uye akaona tsime remvura. Saka akaenda akandozadza guchu nemvura ndokubva apa mukomana kuti anwe.

20 Mwari akava nomukomana pakukura kwake. Akagara mugwenga
akazova munhu aipfura nouta. 21 Paakanga achigara mugwenga reParani,
mai vake vakamutsvakira mukadzi aibva kuIjipiti.

*Sungano paBheerishebha*

22 Panguva iyoyo Abhimereki naPikori mukuru wamauto ake, akati kuna
Abhurahama, "Mwari anewe pazvinhu zvose zvaunoita. 23 Zvino ndipikire
pano pamberi paMwari kuti hauzondinyengeri ini, kana vana vangu kana zvizvarwa zvangu. Ndiitirei tsitsi ini nenyika yaugere mairi somutorwa, kuti sezvandakakuitira tsitsi uchaita zvimwe chetezvo newewo."

24 Abhurahama akati, "Ndinopika."

25 Ipapo Abhurahama akamhan'ara kuna Abhimereki pamusoro petsime
remvura rakanga ratorwa navaranda vaAbhimereki. 26 Asi Abhimereki
akati, "Handizivi akaita izvozvo. Iwe hauna kundiudza, uye ndatozvinzwa izvozvo nhasi chaiye."

27 Saka Abhurahama akauya namakwai nemombe akazvipa kuna
Abhimereki, uye varume vaviri ava vakaita sungano. 28 Abhurahama akat-
saura sheche nomwe dzamakwayana kubva kuboka, 29 uye Abhimereki
akabvunza Abhurahama akati, "Sheche dzamakwai idzi dzawatsaura dzinoreveiko?"

30 Akapindura achiti, "Gamuchira makwayana manomwe aya kubva muruoko rwangu sechapupu chokuti ndini ndakachera tsime iri."

31 Saka nzvimbo iyo yakanzi Bheerishebha, nokuti varume vaviri ava vakapika mhiko ipapo.

32 Mushure mokuitwa kwesungano paBheerishebha, Abhimereki
naPikori mukuru wamauto ake vakadzokera kunyika yavaFiristia.
33 Abhurahama akadyara muti womutamarisiki muBheerishebha, uye
ipapo akadana kuzita raJehovha, Mwari Wokusingaperi. 34 Uye Abhura-
hama akagara munyika yavaFiristia kwenguva refu.

# 22

*Abhurahama anoedzwa*

1 Shure kwaizvozvo, Mwari akaedza Abhurahama. Akati kwaari, "Abhurahama!"

Iye akati, "Ndiri pano hangu."

2 Ipapo Mwari akati, "Tora mwanakomana wako, mwanakomana wako
mumwe oga, Isaka, iye waunoda, uende kunyika yeMoria. Umubayire
ikoko sechipiriso chinopiswa pane rimwe gomo randichakuudza."

3 Mangwanani akatevera, Abhurahama akamuka akasunga mbongoro
yake. Akatora varanda vake vaviri nomwanakomana wake Isaka. Akati
atema huni dzechipiriso chinopiswa dzakakwana, akasimuka akaenda
kunzvimbo yaakanga audzwa nezvayo naMwari. 4 Pazuva rechitatu,
Abhurahama akasimudza meso ake akaona nzvimbo yacho ichiri kure.
5 Akati kuvaranda vake, "Sarai henyu pano nembongoro iyi, ini nomuko-
mana timboyambukira uko. Tichandonamata tigodzoka hedu kwamuri."

6 Abhurahama akatora huni dzechipiriso chinopiswa akadziisa pana
Isaka mwanakomana wake, uye iye pachake akatakura moto nebanga.
Pavakanga vachifamba pamwe chete vari vaviri, 7 Isaka akataura nababa
vake Abhurahama akati, "Baba!"

Abhurahama akati, "Chiiko mwanangu?"

Isaka akati, "Moto nehuni zviri pano, asi gwayana rechipiriso
chinopiswa riripiko?"

8 Abhurahama akapindura akati, "Mwari pachake ndiye achapa
gwayana rechipiriso chinopiswa, mwanakomana wangu."

9 Vakati vasvika panzvimbo yaakanga ataurirwa nezvayo naMwari,
Abhurahama akavaka aritari ipapo uye akaisa huni pamusoro payo.
Akasunga mwanakomana wake Isaka akamuradzika paaritari, pamusoro
pehuni. 10 Ipapo akatambanudza ruoko rwake akatora banga kuti auraye
mwanakomana wake. 11 Asi mutumwa waJehovha akadanidzira kwaari
kubva kudenga akati, "Abhurahama! Abhurahama!"

Iye akapindura akati, "Ndiri pano hangu."

12 Akati, "Usaisa ruoko rwako pamukomana. Usamboita chimwe chinhu
kwaari. Zvino ndava kuziva kuti unotya Mwari, nokuti hauna kundinyima
mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe woga."

13 Abhurahama akasimudza meso ake uye ipapo padenhere akaona
gondobwe rakabatwa nenyanga dzaro. Akaendapo akatora gondobwe
akaribayira sechipiriso chinopiswa. 14 Saka Abhurahama akatumidza
nzvimbo iyo kuti, "Jehovha Achapa." Uye nanhasi zvinonzi, "Pagomo
raJehovha ndipo pazvichapiwa."

15 Mutumwa waJehovha akadana kuna Abhurahama kubva kudenga
kechipiri 16 akati, "Ndinopika neni pachangu, ndizvo zvinotaura Je-
hovha, kuti nokuda kwokuti waita izvi uye kuti hauna kundinyima
mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe oga, 17 zvirokwazvo
ndichakuropafadza uye ndichaita kuti zvizvarwa zvako zviwande seny-
eredzi dzokudenga uye sejecha riri pamahombekombe egungwa. Zviz-
varwa zvako zvichatora maguta avavengi vavo, 18 uye kubudikidza navana
vako ndudzi dzose dzapanyika dzicharopafadzwa, nokuti wakanditeer-
era."

19 Ipapo Abhurahama akadzokera kuvaranda vake, vakasimuka vose
pamwe chete vakaenda kuBheerishebha.

### *Vanakomana vaNahori*

20 Shure kwaizvozvo, Abhurahama akaudzwa kuti, "Mirika ava maiwo;
akaberekera munun'una wako Nahori vanakomana vanoti:
21 Uzi dangwe, Bhuzi munun'una wake,
Kemueri (baba vaAramu),
22 Kesedhi, Hazo, Piridhashi, Jidhirafi naBhetueri."

23 Bhetueri akabereka Rabheka.
Mirika akaberekera Nahori munun'una waAbhurahama vanakomana
vasere ava.

24 Murongo wake ainzi Reuma, naiyewo akava navanakomana vaiti:
Tebha, Gahamu, Tahashi naMaaka.

# 23

*Kufa kwaSara*

1 Sara akararama akasvika makore zana namakumi maviri namanomwe
okuberekwa. 2 Akafira paKiriati Abha (ndiro Hebhuroni) munyika
yeKenani, uye Abhurahama akandochema Sara akaungudza pamusoro
pake.
3 Ipapo Abhurahama akasimuka kubva parutivi pomukadzi wake
akanga afa akandotaura navaHiti, akati, 4 "Ndiri mutorwa nomueni pakati
penyu. Nditengesereiwo nzvimbo pano yokuviga kuti ndigogona kuviga
vakafa vangu."
5 VaHiti vakapindura Abhurahama vakati, 6 "Ishe, tinzwei. Imi muri
muchinda mukuru pakati pedu. Vigai henyu akafa wenyu muguva
rakaisvonaka pakati pamakuva edu. Hakuna munhu pakati pedu
angakunyimai guva rake kuti muvige akafa wenyu."
7 Ipapo Abhurahama akasimuka akakotamira pasi pamberi pavanhu
venyika, ivo vaHiti. 8 Akati kwavari, "Kana muchida kuti ndivige akafa
wangu, zvino chindinzwai uye mundikumbirire kuna Efuroni mwanako-
mana waZohari pachinzvimbo changu, 9 kuti anditengesere bako ra-
Makapera, raanaro uye riri kumucheto womunda wake. Mukumbirei
kuti anditengesere nomutengo uzere ive nzvimbo yangu yokuviga vakafa
pakati penyu."
10 Efuroni muHiti akanga agere pakati pavanhu vake akapindura
Abhurahama, vaHiti vose vakanga vauya pasuo reguta vachizvinzwa,
11 akati, "Kwete, ishe wangu. Inzwai; ndinokupai munda, uye ndinokupai
bako riri mauri. Ndinoupa kwamuri pamberi pavanhu vangu. Vigai henyu
akafa wenyu."
12 Zvakare Abhurahama akakotamira pasi pamberi pavanhu venyika
13 akati kuna Efuroni vachizvinzwa, "Nditeerere, kana uchida. Ndicharipa
mutengo womunda. Ugamuchire hako kubva kwandiri kuti ndigoviga
vakafa vangu imomo."
14 Efuroni akapindura Abhurahama akati, 15 "Nditeererei, ishe wangu,
mutengo wenyika unoita mashekeri mazana mana* esirivha, asi chingava
chiiko pakati pangu nemi? Vigai henyu akafa venyu."
16 Abhurahama akabvumirana nomutengo waEfuroni akamuyerera
mutengo waakanga areva vaHiti vachizvinzwa; mazana mana amashekeri
esirivha, maererano nomutengo waivapo pakati pavatengesi.
17 Saka munda waEfuroni muMakapera pedyo neMamure, zvose munda
nebako zvaive mauri, nemiti yose yaiva pakati pomuganhu womunda,
zvakapiwa 18 kuna Abhurahama zvikava zvake pamberi pavaHiti vakanga
vauya pasuo reguta. 19 Shure kwaizvozvo Abhurahama akaviga mukadzi

* **23:15** 23:15 makirogiramu angaita 4.5

wake Sara mubako mumunda weMakapera pedyo neMamure (iro Heb-
huroni) munyika yeKenani. [20] Saka munda nebako raiva mauri zvakapiwa
kuna Abhurahama navaHiti senzvimbo yamakuva.

# 24

*Isaka naRabheka*

[1] Zvino Abhurahama akanga akwegura ava namakore mazhinji, uye
Jehovha akanga amuropafadza pazvinhu zvose. [2] Akati kumuranda wake
mukuru womumba make, iye akanga ari mutariri wezvose zvaakanga
anazvo, "Isa ruoko rwako pasi pechidya changu. [3] Ndinoda kuti upike
naJehovha, Mwari wokudenga uye Mwari wenyika, kuti haungatoreri
mwanakomana wangu mukadzi kubva kuvanasikana vavaKenani, avo
vandigere pakati pavo, [4] asi uchaenda kunyika yangu nokuhama dzangu
ugondotorera mwanakomana wangu Isaka mukadzi."

[5] Muranda akabvunza akati, "Ko, kana mukadzi asingadi kuuya neni
kunyika ino? Ndichazoenda here nomwanakomana wenyu kunyika
yamakabva?"

[6] Abhurahama akati, "Chenjera kuti urege kudzokera nomwanakomana
wangu ikoko. [7] Jehovha, Mwari wokudenga, akandibudisa muimba
yababa vangu nomunyika yokuzvarwa kwangu uye iye akataura kwandiri
akandivimbisa nemhiko achiti, 'Ndichapa nyika iyi kuvana vako,' acha-
tuma mutumwa pamberi pako kuitira kuti ugogona kuwanira mwanako-
mana wangu mukadzi kubva ikoko. [8] Kana mukadzi asingadi kuuya
newe, iwe uchasunungurwa pamhiko yangu iyi. Usadzokera chete
nomwanakomana wangu ikoko." [9] Saka muranda akaisa ruoko rwake pasi
pechidya chatenzi wake Abhurahama akapika mhiko kwaari maererano
neshoko iri.

[10] Ipapo muranda akatora ngamera dzatenzi wake gumi akaenda,
akatora mhando dzezvinhu zvose zvakanaka kubva kuna tenzi wake.
Akasimuka akaenda kuAramu Naharaimu akananga kuguta reNahori.
[11] Akaita kuti ngamera dzipfugame pasi pedyo netsime raiva kunze
kweguta; kwakanga kwava kudoka, nguva yaibuda vakadzi kundochera
mvura.

[12] Akanyengetera akati, "Haiwa Jehovha, Mwari watenzi wangu Abhu-
rahama, itai kuti ndibudirire nhasi, muitire tenzi wangu Abhurahama
zvakanaka. [13] Onai, ndimire parutivi petsime rino, uye vanasikana
vavanhu vomuguta rino vari kubuda vachiuya kuzochera mvura.
[14] Ngazviitike kuti pandinoti kumusikana, 'Ndapota, tura chirongo chako
kuti ndinwewo mvura,' uye iye akati, 'Inwai henyu uye ndichanwisawo
ngamera dzenyu' ngaave iye wamasarudzira muranda wenyu Isaka.
Naizvozvo ndichaziva kuti maitira tenzi wangu zvakanaka."

[15] Asati apedza kunyengetera, Rabheka akasvika nechirongo chake
papfudzi rake. Akanga ari mwanasikana waBhetueri mwanakomana
waMirika, mukadzi waNahori munun'una waAbhurahama. [16] Musikana
akanga akanaka kwazvo, ari mhandara; hakuna murume akanga ambo-
vata naye. Akaenda kutsime, akazadza chirongo chake akadzokazve.

[17] Muranda akamhanya akandosangana naye akati, "Ndapota, ndipewo
mvura shoma shoma yokunwa kubva muchirongo chako."

[18] Iye akati, "Inwai henyu, ishe wangu," akakurumidza kutura chirongo
mumaoko ake uye akamupa kuti anwe.

19 Shure kwokumupa mvura kuti anwe, akati, "Ndichachererawo ngam-
era dzenyu mvura, kusvikira dzapedza kunwa." 20 Saka akakurumidza
kudururira mvura yaiva muchirongo chake muchinwiro, akamhanyira
kutsime zvakare kundochera imwe mvura zhinji, akachera yakakwanira
ngamera dzake. 21 Asina chaakataura, murume uyu akamutarisisa kuti
azive kuti Jehovha akanga aita kuti rwendo rwake rubudirire here kana
kuti kwete.
22 Ngamera dzakati dzapedza kunwa, murume uya akatora mhete
yegoridhe yapamhino yairema hafu yeshekeri* nezvishongo zviviri zva-
maoko zvairema mashekeri gumi†. 23 Ipapo akamubvunza akati, "Uri
mwanasikana waaniko? Ndapota, dondiudzawo, kumba kwababa vako
kungaita nzvimbo yedu yokuvata here?"
24 Akamupindura akati, "Ndiri mwanasikana waBhetueri, mwanako-
mana waMirika akaberekera Nahori." 25 Uye akatizve, "Tine uswa
hwakawanda namashanga, uyewo nenzvimbo yenyu yokuvata."
26 Ipapo murume uya akakotamira pasi akanamata Jehovha, 27 akati,
"Jehovha ngaarumbidzwe, Mwari watenzi wangu Abhurahama, iye
asina kurega kuita zvakanaka nokutendeka kwake kuna tenzi wangu.
Kana ndirini, Jehovha akanditungamirira parwendo rwangu akandisvitsa
kumba kwehama dzatenzi wangu."
28 Musikana akamhanya akandoudza veimba yamai vake pamusoro
pezvinhu zvose izvi. 29 Zvino Rabheka akanga ane hanzvadzi yainzi
Rabhani, uye iye akakurumidza kubuda akaenda kumurume uya kutsime.
30 Akati achingoona mhete yemhino nezvishongo mumaoko ehanzvadzi
yake, uye anzwa Rabheka achitaura zvakanga zvarehwa nomurume
uyu kwaari, akabuda akaenda kumurume akamuwana amire pangam-
era pedyo netsime. 31 Akati, "Uya iwe wakaropafadzwa naJehovha.
Wakamirireiko pano? Ndatogadzira imba nenzvimbo yengamera."
32 Saka murume uya akaenda kumba, uye ngamera dzakaturwa. Uswa
namashanga zvakavigirwa ngamera, uye iye navanhu vake vakavigirwa
mvura kuti vashambe tsoka dzavo. 33 Zvokudya zvakaiswa pamberi
pake, asi iye akati, "Handingatongodyi kusvikira ndakuudzai zvandinoda
kureva."
Rabhani akati, "Tiudze hako zvino."
34 Saka iye akati, "Ndiri muranda waAbhurahama. 35 Jehovha
akaropafadza tenzi wangu kwazvo, uye ava mupfumi. Akamupa
makwai nemombe, sirivha negoridhe, varandarume navarandakadzi,
ngamera nembongoro. 36 Sara mukadzi watenzi wangu akamuberekera
mwanakomana panguva yokukwegura kwake, uye akamupa zvinhu zvose
zvaanazvo. 37 Uye tenzi wangu akaita kuti ndipike mhiko, uye akati,
'Haufaniri kutorera mwanakomana wangu mukadzi kubva kuvanasikana
vavaKenani, munyika yandigere, 38 asi enda kumhuri yababa vangu uye
nokuimba yangu, undotorera mwanakomana wangu mukadzi ikoko.'
39 "Ipapo ndakabvunza tenzi wangu ndikati, 'Ko, kana mukadzi
akasauya neni?'
40 "Akapindura akati, 'Jehovha, iye wandinofamba pamberi pake,
achatuma mutumwa wake newe uye achaita kuti rwendo rwenyu
rubudirire, kuti uwanire mwanakomana wangu mukadzi, paunoenda
kuimba yokwangu, kumhuri yababa vangu. 41 Zvino, kana wasvika

* **24:22** 24:22 magiramu angaita 6 † **24:22** 24:22 magiramu angaita 115

kuimba yokwangu, iwe uchasunungurwa pamhiko kunyange vakaramba
kumupa kwauri, uchasunungurwa pamhiko yangu.'
42 "Pandasvika patsime nhasi, ndati, 'Haiwa Jehovha, Mwari watenzi
wangu Abhurahama, kana muchida, ndapota ndipeiwo kubudirira par-
wendo rwandafamba. 43 Tarirai, ndimire parutivi petsime iri; kana
musikana akabuda kuzochera mvura uye ndikati kwaari, "Ndapota rega
ndinwe mvura shoma shoma kubva muchirongo chako," 44 uye kana iye
akati kwandiri, "Inwai henyu, uye ndichachererawo ngamera dzenyu,"
ngaave iye asarudzirwa mwanakomana watenzi wangu naJehovha.'
45 "Ndisati ndapedza kunyengetera mumwoyo mangu, Rabheka auya,
ane chirongo chake papfudzi rake. Aenda kutsime uye akachera mvura,
uye ini ndikati kwaari, 'Ndapota ndipewo mvura ndinwe.'
46 "Akurumidza kutura chirongo chake papfudzi rake akati, 'Inwai
henyu, uye ndichanwisa ngamera dzenyuwo.' Saka ndanwa mvura, uye
anwisawo ngamera.
47 "Ndamubvunza ndikati, 'Uri mwanasikana waaniko?'
"Iye ati, 'Ndiri mwanasikana waBhetueri mwanakomana waNahori,
waakaberekerwa naMirika.'
"Ipapo ndaisa mhete pamhino yake nezvishongo mumaoko ake, 48 uye
ndakotama pasi ndikanamata Jehovha. Ndarumbidza Jehovha, Mwari
watenzi wangu Abhurahama, uyo akanditungamirira munzira yakaru-
rama kuti ndiwane muzukuru womunun'una watenzi wangu kuti ave
mukadzi womwanakomana wake. 49 Zvino kana muchaitira zvakanaka
nokutendeka kuna tenzi wangu, ndiudzei; uye kana zvisizvo, ndiudzei,
kuti ndigoziva kwokuenda."
50 Rabhani naBhetueri vakapindura vakati, "Izvi zvinobva kuna Je-
hovha; isu hatina chinhu chatingataura kwauri, chakaipa kana chakanaka.
51 Hoyu Rabheka; mutore uende, uye ngaave mukadzi womwanakomana
watenzi wako, sokutungamirirwa kwawaitwa naJehovha."
52 Muranda waAbhurahama akati anzwa zvavakataura, akakotama pasi
pamberi paJehovha. 53 Ipapo muranda akabudisa goridhe nezvishongo
zvesirivha nenguo dzokufuka akazvipa kuna Rabheka; uye akapawo zvipo
zvomutengo mukuru kuhanzvadzi yake nokuna mai vake. 54 Ipapo iye
navarume vakanga vanaye vakadya vakanwa, uye vakararapo usiku uho.
Akati amuka mangwanani, akati, "Ndiregei hangu ndichienda kuna
tenzi wangu."
55 Asi hanzvadzi yake namai vake vakapindura vakati, "Regai musikana
agare nesu mazuva angaita kana gumi; ipapo mungazoenda henyu."
56 Asi akati kwavari, "Musandirambidza, sezvo zvino Jehovha akandipa
kubudirira parwendo rwangu. Ndiregei hangu ndiende kuna tenzi
wangu."
57 Ipapo vakati, "Regai tidane musikana timubvunze nezvazvo." 58 Saka
vakadana Rabheka vakamubvunza vakati, "Uchaenda here nomurume
uyu?"
Iye akati, "Ndichaenda."
59 Saka vakaendesa hanzvadzi yavo Rabheka, pamwe chete nomureri
wake nomuranda waAbhurahama navanhu vake. 60 Uye vakaropafadza
Rabheka vakati,
"Iwe hanzvadzi yedu,
uve mai wavazhinji vave zviuru nezviuru;
vana vako ngavatore
masuo avavengi vavo."

61 Ipapo Rabheka navasikana vake vakagadzirira vakatasva ngamera
dzavo vakaenda nomurume uya. Saka muranda akatora Rabheka akabva
aenda.
62 Zvino Isaka akanga achibva kuBheeri Rahai Roi, nokuti akanga
achigara kuNegevhi. 63 Humwe usiku akabuda akaenda musango
kuti ambondorangarira, uye paakasimudza meso ake, akaona ngamera
dzichiswedera, 64 naRabhekawo akasimudza meso ake akaona Isaka.
Akaburuka kubva pangamera yake 65 uye akabvunza muranda akati,
"Ndianiko murume ari musango uyo ari kuuya kuzosangana nesu?"

Muranda akapindura akati, "Nditenzi wangu." Saka akatora chifukidzo
akazvifukidza.
66 Ipapo muranda akaudza Isaka zvose zvaakanga aita. 67 Isaka
akamupinza mutende ramai vake Sara, uye akawana Rabheka. Saka
akava mukadzi wake, uye akamuda; naizvozvo Isaka akanyaradzwa shure
kwokufa kwamai vake.

# 25

### *Kufa kwaAbhurahama*

1 Abhurahama akawana mumwe mukadzi, zita rake ainzi Ketura.
2 Akamuberekera Zimurami, Jokishani, Medhani, Midhiani, Ishibhaki
naShua. 3 Jokishani akabereka Shebha naDhedhani; zvizvarwa zvaD-
hedhani zvakanga zviri vaAshuri, vaRetushi navaReumi. 4 Vanakomana
vaMidhiani vakanga vari Efa, Eferi, Hanoki, Abhidha naEridha. Vose ava
vakanga vari zvizvarwa zvaKetura.

5 Abhurahama akasiya zvinhu zvose zvaakanga anazvo kuna Isaka. 6 Asi
paakanga achiri mupenyu akapa zvipo kuvanakomana vavarongo vake
uye akavabvisa pamwanakomana wake Isaka akavaendesa kumabvazuva.

7 Pamwe chete, Abhurahama akararama makore zana namakumi
manomwe namashanu. 8 Ipapo Abhurahama akabudisa mweya wake
akafa akwegura kwazvo, ava mutana uye ava namakore mazhinji; uye
akasanganiswa navanhu vake. 9 Vanakomana vake Isaka naIshumaeri
vakamuviga mubako reMakapera pedyo neMamure, mumunda waEfuroni
mwanakomana waZofa muHiti, 10 munda wakanga watengwa naAbhu-
rahama kubva kumuHiti. Ndimo makavigwa Abhurahama nomukadzi
wake Sara. 11 Shure kwokufa kwaAbhurahama, Mwari akaropafadza
mwanakomana wake Isaka, uyo akagara pedyo neBheeri Rahai Roi.

### *Vanakomana vaIshumaeri*

12 Iyi ndiyo nhoroondo yomwanakomana waAbhurahama, iye Ishu-
maeri, akaberekerwa Abhurahama naHagari muIjipita, murandakadzi
waSara.

13 Aya ndiwo mazita avanakomana vaIshumaeri, akanyorwa
muurongwa hwamaberekerwo avo:

Nebhayoti dangwe raIshumaeri,
Kedhari, Adhibheeri, Mibhisami,
14 Mishima, Dhuma, Masa,
15 Hadhadhi, Tema, Jeturi,
Nafishi naKedhema.

16 Ava ndivo vaiva vanakomana vaIshumaeri, uye aya ndiwo mazita avatongi gumi navaviri vamarudzi maererano namagariro avo nemisasa yavo.

17 Pamwe chete, Ishumaeri akararama makore zana namakumi matatu
namakore manomwe. Akabudisa mweya wake akafa, akasanganiswa
navanhu vake. 18 Zvizvarwa zvake zvakandogara munzvimbo yaibva
kuHavhira kusvikira kuShuri, pedyo nomuganhu weIjipiti, kana munhu achienda akananga kuAshuri. Uye vakagara vachipesana nehama dzavo.

## *Jakobho naEsau*

19 Iyi ndiyo nhoroondo yomwanakomana waAbhurahama, Isaka.

Abhurahama akabereka Isaka, 20 uye Isaka akanga ava namakore makumi mana okuberekwa paakawana Rabheka mwanasikana waBhetueri muAramu, aibva kuPadhani Aramu uye ari hanzvadzi yaRabhani muAramu.
21 Isaka akanyengeterera mukadzi wake kuna Jehovha, nokuti akanga
asingabereki. Jehovha akapindura munyengetero wake, uye mukadzi
wake Rabheka akava nemimba. 22 Vana vakanga vachisundana mukati
make, iye akati, “Seiko izvi zvichiitika kwandiri?” Saka akaenda kundobvunza Jehovha.
23 Jehovha akati kwaari,
“Ndudzi mbiri dziri muchizvaro chako,
uye marudzi maviri achabuda mauri achaparadzana;
rumwe rudzi ruchava nesimba kupfuura rumwe,
uye mukuru achashumira muduku.”
24 Nguva yokubereka kwake yakati yasvika, onei makanga muna
vakomana vaviri muchizvaro chake. 25 Akatanga kubuda akanga ari
mutsvuku, uye muviri wake wose wakanga wakaita senguo ine mvere;
saka vakamutumidza zita rokuti Esau. 26 Shure kwaizvozvo, munun’una
wake akabuda, ruoko rwake rwakabata chitsitsinho chaEsau; saka akatumidzwa zita rokuti Jakobho. Isaka akanga ava namakore okuberekwa makumi matanhatu Rabheka paakavabereka.
27 Vakomana vakakura, uye Esau akava mudzimba akachenjera, murume wesango, asi Jakobho akanga ari murume akanyarara, achigara
pakati pamatende. 28 Sezvo Isaka aifarira nyama yemhuka, aida Esau, asi Rabheka aida Jakobho.
29 Rimwe zuva Jakobho paakanga achibika zvokudya, Esau
akasvikopinda achibva kusango, aziya nenzara! 30 Akati kuna Jakobho,
“Dokurumidzawozve, undipewo zvimwe zvokudya zvakatsvukira izvo ndidye! Ndava kuziya nenzara!” (Ndokusaka akatumidzwawo zita rokuti Edhomu).
31 Jakobho akapindura akati, “Tanga wanditengesera udangwe hwako.”
32 Esau akati, “Tarira, ndava kuda kufa ini. Ko, udangwe huchandibatsirei?”
33 Asi Jakobho akati, “Tanga wandipikira.” Saka akapika mhiko kwaari, achitengesa udangwe hwake kuna Jakobho.
34 Ipapo Jakobho akapa Esau chingwa nenyemba. Akadya uye akanwa, ipapo akasimuka akaenda.
Saka Esau akazvidza udangwe hwake.

# 26

*Isaka naAbhimereki*

1 Zvino munyika makanga mune nzara, isati iri nzara iya yakatanga
kuvapo panguva yaAbhurahama, uye Isaka akaenda kuna Abhimereki
mambo wavaFiristia muGerari. 2 Jehovha akazviratidza kuna Isaka
akati, "Usaburuka kuIjipiti; gara munyika yandinokuudza kuti ugare.
3 Gara hako munyika ino kwechinguva, uye ndichava newe uye
ndichakuropafadza. Nokuti kwauri nokuzvizvarwa zvako ndichapa nyika
iyi yose uye ndichasimbisa mhiko yandakapika kuna baba vako Abhura-
hama. 4 Ndichaita kuti zvizvarwa zvako zviwande senyeredzi dzokudenga
uye ndichavapa nyika dzose idzi, uye kubudikidza navana vako ndudzi
dzose dzapanyika dzicharopafadzwa, 5 nokuti Abhurahama akanditeerera
uye akachengeta zvaidikanwa neni, nemitemo yangu, zvirevo zvangu uye
nemirayiro yangu." 6 Saka Isaka akagara muGerari.

7 Vanhu venyika iyo pavakamubvunza pamusoro pomukadzi wake,
akati, "Ihanzvadzi yangu," nokuti akanga achitya kuti, "Mukadzi wangu."
Akafunga mumwoyo make achiti, "Vanhu vomunyika muno vangandiu-
raye nokuda kwaRabheka, nokuti akanaka kwazvo."

8 Isaka akati agara ikoko kwenguva refu, Abhimereki mambo wavaFiris-
tia akatarira pasi napawindo akaona Isaka achitamba nomukadzi wake
Rabheka. 9 Saka Abhimereki akadana Isaka akati, "Mukadzi wako chaiye
uyu! Seiko wakati, 'Ihanzvadzi yangu'?"

Isaka akapindura akati, "Nokuti ndakafunga kuti ndingafa nokuda
kwake."

10 Ipapo Abhimereki akati, "Chiiko ichi chawakaita kwatiri? Mumwe
wavarume aigona kunge akavata nomukadzi wako, uye ungadai waka-
zouyisa mhosva pamusoro pedu."

11 Saka Abhimereki akarayira vanhu vake vose achiti, "Ani naani
anobata murume uyu kana mukadzi wake achaurayiwa zvirokwazvo."

12 Isaka akadyara zviyo munyika uye mugore racho iroro akakohwa
zvakapetwa kazana, nokuti Jehovha akamuropafadza. 13 Murume uyu
akava mupfumi, uye pfuma yake yakaramba ichiwanda kusvikira ap-
fuma kwazvo. 14 Akanga ana makwai mazhinji nemombe dzakawanda
navaranda vakawanda zvokuti vaFiristia vakamuitira godo. 15 Saka
matsime ose akanga acherwa navaranda vababa vake panguva yababa
vake Abhurahama, vaFiristia vakaadzivira, vachiazadza nevhu.

16 Ipapo Abhimereki akati kuna Isaka, "Ibva uende kure nesu; wanyanya
kuva nesimba zvokutipfuura."

17 Saka Isaka akabvapo akandodzika musasa muMupata weGera ak-
agara ikoko. 18 Isaka akacherazve matsime akanga acherwa panguva
yababa vake Abhurahama, iwo akanga adzivirwa navaFiristia shure
kwokufa kwaAbhurahama, uye akaapa mazita mamwe chetewo aakanga
atumidzwa nababa vake.

19 Varanda vaIsaka vakachera muMupata vakawanamo tsime remvura
yakanaka. 20 Asi vafudzi veGerari vakakakakavadzana navafudzi vaIsaka
vachiti, "Mvura iyi ndeyedu!" Saka akatumidza tsime iro zita rokuti Eseki,
nokuda kwokuti vakapesana naye. 21 Ipapo vakacherazve rimwe tsime,
asi vakakakakavadzana pamusoro parowo; saka akaritumidza zita rokuti
Sitima. 22 Akaenderera mberi kubva ipapo akachera rimwe tsime, uye
hapana munhu akazokakavadzana naye pamusoro paro. Akaritumidza

zita rokuti Rehobhoti, achiti, “Zvino Jehovha azotipa nzvimbo uye
tichawanda munyika.”

[23] Kubva ipapo akaenda kuBheerishebha. [24] Usiku ihwohwo Jehovha
akazviratidza kwaari akati, “Ndini Mwari wababa vako Abhurahama.
Usatya, nokuti ndinewe. Ndichakuropafadza uye ndichakurisa zvizvarwa
zvako nokuda kwomuranda wangu Abhurahama.”

[25] Isaka akavaka aritari ipapo akadana kuzita raJehovha. Akadzika
tende rake ipapo uye pakare ipapo varanda vake vakachera tsime.

[26] Zvichakadaro, Abhimereki akanga asvika kwaari achibva kuGerari,
aina Ahuzati aiva mupamazano wake naPikori mukuru wavarwi vake.
[27] Isaka akavabvunza akati, “Mavingeiko kwandiri, sezvo makanga muri
mhandu dzangu uye mukandidzinga?”

[28] Vakamupindura vakati, “Takaona pachena kuti Jehovha akanga
anewe; saka takati, ‘Panofanira kuva nechitenderano chemhiko pakati
pedu,’ pakati pedu newe. Ngatiite sungano newe [29] yokuti iwe hauzotiitiri
zvakaipa, sezvo isu tisina kukubata zvakaipa asi takaramba tichikuitira
zvakanaka uye tikakuendesa norugare. Uye zvino waropafadzwa naJe-
hovha.”

[30] Ipapo Isaka akavaitira mutambo, vakadya, vakanwa. [31] Mangwanani
akatevera varume ava vakapikirana. Ipapo Isaka akavaendesa parwendo
rwavo, vakamusiya murugare.

[32] Musi iwoyo varanda vaIsaka vakauya vakamuudza nezvetsime
ravakanga vachera. Vakati, “Tawana mvura!” [33] Akaritumidza zita rokuti
Shibha, uye kusvikira nhasi zita reguta richiri kunzi Bheerishebha.

[34] Esau akati ava namakore makumi mana okuberekwa, akawana
Judhisi mwanasikana waBheeri muHiti, uyewo Bhasemati mwanasikana
waEroni muHiti. [35] Ivava vakarwadzisa Isaka naRabheka.

# 27

*Jakobho anowana Maropafadzo aIsaka*

[1] Isaka akati akwegura uye meso ake akanga aneta zvokuti akanga
asisaoni, akadana Esau mwanakomana wake mukuru akati kwaari,
“Mwanakomana wangu.”

Iye akapindura akati, “Ndiri pano.”

[2] Isaka akati, “Zvino ndava murume mutana uye handizivi zuva
rokufa kwangu. [3] Naizvozvo zvino tora zvombo zvako, goba rako
nouta ugoenda kusango kuti unondivhimirawo mhuka. [4] Undigadzirire
zvokudya zvinondinakira ugondivigira kuti ndidye, kuitira kuti ndikupe
maropafadzo angu ndisati ndafa.”

[5] Zvino Rabheka akanga akateerera Isaka paakanga achitaura
nomwanakomana wake Esau. Esau akati aenda kusango kuti an-
dovhima mhuka kuti agouya nayo, [6] Rabheka akati kumwanakomana
wake Jakobho, “Tarira, ndanzwa baba vako vachiti kumukoma wako
Esau, [7] ‘Ndivigirewo mhuka ugondigadzirira nyama inonaka kuti ndidye
kuitira kuti ndigokupa maropafadzo angu ndisati ndafa.’ [8] Zvino,
chinzwa mwanakomana wangu, nyatsoteerera uye uite zvandinokuudza.
[9] Enda kuzvipfuwo unondivigira mbudzana mbiri dzakaisvonaka, kuti
ndigogadzirira baba vako nyama inonaka nenzira chaiyo yavanoda.
[10] Ipapo ugoitora uende nayo kuna baba vako kuti vadye, kuitira kuti
vagokupa maropafadzo avo vasati vafa.”

11 Jakobho akati kuna Rabheka mai vake, “Asi mukoma wangu
Esau munhu ane mvere, uye ini ndiri munhu ane ganda risina
mvere. 12 Ko, kana baba vangu vakandibata? Ndichava somunhu
anovanyengera uye ndikazouyisa kutukwa pamusoro pangu pach-
inzvimbo chokuropafadzwa.”

13 Mai vake vakati kwaari, “Mwanakomana wangu, rega kutukwa kuuye
pamusoro pangu. Iwe ita zvandinoreva; enda unonditorera idzo.”

14 Saka akaenda akandodzitora akauya nadzo kuna mai vake, uye
vakagadzira nyama inonaka, nenzira chaiyo yaidikanwa nababa vake.
15 Ipapo Rabheka akatora nguo dzakaisvonaka dzaEsau mwanakomana
wake mukuru, dzaakanga anadzo mumba, akadzipfekedza mwanako-
mana wake muduku iye Jakobho. 16 Akafukidzawo namatehwe embudzi,
maoko ake uye nenzvimbo dzomutsipa wake dzakanga dzisina mvere.
17 Ipapo akapa kumwanakomana wake Jakobho nyama inonaka nech-
ingwa chaakanga abika.

18 Akaenda kuna baba vake akati, “Baba vangu.”

Vakapindura vakati, “Ndiri pano mwana wangu. Ndianiko?”

19 Jakobho akati kuna baba vake, “Ndini Esau dangwe renyu. Ndaita
sezvamandiudza. Ndapota, mukai mudye nyama yemhuka yangu kuitira
kuti mundipe maropafadzo enyu.”

20 Isaka akabvunza mwanakomana wake akati, “Waiwana seiko nokuku-
rumidza zvakadai, mwanakomana wangu?”

Iye akapindura akati, “Jehovha Mwari wenyu aita kuti ndibudirire.”

21 Ipapo Isaka akati kuna Jakobho, “Swedera pedyo kuti ndikubate,
mwana wangu, kuti ndizive kana uri Esau mwanakomana wangu chaiye
kana kwete.”

22 Jakobho akaswedera kuna baba vake Isaka, iye akamubata akati,
“Inzwi, inzwi raJakobho, asi maoko maoko aEsau.” 23 Haana kugona
kumuziva, nokuti maoko ake aiva nemvere dzakaita sedzomukoma wake
Esau; saka akamuropafadza. 24 Akati, “Ndiwe mwanakomana wangu Esau
chaiye here?”

Akapindura akati, “Ndini.”

25 Ipapo akati, “Mwanakomana wangu, ndipe nyama yako yemhuka
ndidye, kuitira kuti ndikupe maropafadzo angu.”

Jakobho akaiisa kwaari akadya; uye akauya newaini akanwa. 26 Ipapo
baba vake Isaka vakati kwaari, “Uya pano mwanakomana wangu un-
ditsvode.”

27 Saka akaenda kwaari iye akamutsvoda. Isaka akati anzwa kunhuh-
wira kwenguo dzake akamuropafadza achiti,

“Haiwa kunhuhwira kwomwanakomana wangu
kwakaita sokunhuhwira kwesango
raropafadzwa naJehovha.
28 Mwari ngaakupe dova rokudenga
noupfumi hwenyika,
zviyo zvakawanda newaini itsva.
29 Ndudzi ngadzikushumire
uye marudzi akupfugamire.
Uve ishe wehama dzako,
uye vanakomana vamai vako vakupfugamire.
Vaya vanokutuka ngavatukwe
uye vaya vanokuropfadza ngavaropafadzwe.”

30 Shure kwokunge Isaka apedza kumuropafadza uye Jakobho achang-
obva pamberi pababa vake, mukoma wake Esau akasvika achibva
kundovhima. 31 Naiyewo akagadzira nyama inonaka akauya nayo kuna
baba vake. Ipapo akati kwavari, "Baba vangu, mukai mudye nyama yangu
yemhuka, kuti mugondipa maropafadzo."

32 Baba vake Isaka vakamubvunza vakati, "Ndiwe aniko?"

Akapindura akati, "Ndini Esau mwanakomana wenyu wedangwe."

33 Isaka akadedera nehasha akati, "Ndianiko zvino, avhima
mhuka akauya nayo kwandiri? Ndaidya iwe uchigere kusvika uye
ndamuropafadza, uye zvirokwazvo acharopafadzwa!"

34 Esau akati anzwa mashoko ababa vake akaridza mhere nokuchema
kukuru neshungu uye akati kuna baba vake, "Ndiropafadzei neniwo, baba
vangu!"

35 Asi ivo vakati, "Munun'una wako auya nokunyengera akatora
maropafadzo ako."

36 Esau akati, "Haana kutumidzwa zita chairo here rokuti Jakobho?
Akandinyengera kaviri kose: Akatora udangwe hwangu, uye zvino
atora maropafadzo angu!" Ipapo akabvunza akati, "Ko, hamuna
kundichengeterawo kana ropafadzo here?"

37 Isaka akapindura Esau akati, "Ndamuita ishe wako uye ndakaita hama
dzake dzose varanda vake, uye ndamusimbisa nezviyo newaini itsva. Saka
chiiko chandichagona kukuitira mwana wangu?"

38 Esau akati kuna baba vake, "Munongova neropafadzo imwe chete
here, baba vangu? Ndiropafadzeiwo, baba vangu!" Ipapo Esau akachema
achiridza mhere.

39 Baba vake Isaka vakamupindura vakati,

"Ugaro hwako huchava
 kure nepfuma yenyika,
 kure nedova rokudenga kumusoro.
40 Iwe uchararama nomunondo
 uye uchashumira munun'una wako.
Asi paunenge woshaya zororo
 uchabvisa joko rake
 kubva pamutsipa wako."

### *Jakobho anotizira kuna Rabhani*

41 Esau akavenga Jakobho nokuda kwokuropafadzwa kwaakapiwa
nababa vake. Akati mumwoyo make, "Mazuva okuchema baba vangu ava
pedyo; ipapo ndichauraya munun'una wangu Jakobho."

42 Rabheka akati audzwa zvakanga zvataurwa nomwanakomana wake
mukuru Esau, akatuma munhu kuna Jakobho mwanakomana wake
muduku akati kwaari, "Mukoma wako Esau ari kuzvinyaradza nepfungwa
dzokuda kukuuraya. 43 Naizvozvo zvino, mwanakomana wangu, chi-
ita zvandinokuudza: Tiza izvozvi uende kuhanzvadzi yangu Rabhani
kuHarani. 44 Ugare naye kwechinguva kusvikira shungu dzomukoma
wako dzaserera. 45 Mukoma wako paachazenge asisina kukutsamwira
uye akanganwa zvawakamuitira, ini ndichatuma shoko kwauri rokuti
uchidzoka kubva ikoko. Ndorasikirwa nemi seiko muri vaviri zuva rimwe
chete?"

46 Ipapo Rabheka akati kuna Isaka, "Ndinosemburwa noupenyu nokuda
kwavakadzi vechiHiti ava. Kana Jakobho akatora mukadzi anobva

pakati pavakadzi vechiHiti vakaita savava, kurarama kwangu hakungavi
namaturo."

# 28

[1] Saka Isaka akadana Jakobho akamuropafadza uye akamurayira achiti,
"Usawana mukadzi muKenani. [2] Kurumidza uende kuPadhani Aramu
kuimba yaBhetueri baba vamai vako. Uzvitorere mukadzi ikoko, kubva
pakati pavanasikana vaRabhani, hanzvadzi yamai vako. [3] Mwari Wa-
masimba Ose ngaakuropafadze uye aite kuti ubereke uye akuitei vazhinji
kusvikira mava marudzi mazhinji. [4] Ngaakupe iwe nezvizvarwa zvako
maropafadzo akapiwa kuna Abhurahama, kuitira kuti utore nyika yaugere
zvino somutorwa, nyika yakapiwa Abhurahama naMwari." [5] Ipapo
Isaka akaendesa Jakobho, uye akaenda kuPadhani Aramu, kuna Rabhani
mwanakomana waBhetueri muAramu, hanzvadzi yaRabheka, akanga ari
mai vaJakobho naEsau.

[6] Zvino Esau akaziva kuti Isaka akanga aropafadza Jakobho uye kuti
akanga amuendesa kuPadhani Aramu kuti andotora mukadzi ikoko, uye
kuti paakamuropafadza akamurayira achiti, "Usawana mukadzi muKe-
nani," [7] uye kuti Jakobho akateerera baba namai vake akaenda kuPadhani
Aramu. [8] Ipapo Esau akaziva kuti vakadzi veKenani vakanga vasingafadzi
sei Isaka baba vake; [9] saka akaenda kuna Ishumaeri akandowana
Maharati, hanzvadzi yaNebhayoti mwanasikana waIshumaeri mwanako-
mana waAbhurahama, kuwedzera pavakadzi vaakanga atova navo kare.

### *Chiroto chaJakobho paBheteri*

[10] Jakobho akabva paBheerishebha akaenda kuHarani. [11] Akati asvika
pane imwe nzvimbo, akavata ipapo usiku nokuti zuva rakanga ravira.
Akatora rimwe ramatombo ipapo, akaritsamira akavata. [12] Akarota
achiona manera amire panyika, uye musoro wawo uchisvika kudenga,
uye vatumwa vaMwari vaikwidza nokudzika nawo. [13] Pamusoro pawo
ipapo pakanga pamire Jehovha, uye akati, "Ndini Jehovha, Mwari wababa
vako Abhurahama naMwari waIsaka. Ndichakupa iwe nezvizvarwa
zvako nyika yauvete pairi. [14] Zvizvarwa zvako zvichaita seguruva
renyika, uye muchapararira kubva kumavirira kusvikira kumabvazuva,
kumusoro nezasi. Marudzi ose apanyika acharopafadzwa kubudikidza
navana vako. [15] Ndinewe uye ndichakuchengeta kwose kwaunoenda,
uye ndichakudzosazve munyika ino. Handingakusiyi kusvikira ndaita
zvandakavimbisa."

[16] Jakobho akati apepuka pahope, akafunga akati, "Zvirokwazvo Jehovha
ari panzvimbo ino, uye ndanga ndisingazvizivi." [17] Akanga achitya uye
akati, "Nzvimbo ino inotyisa sei! Iyi imba chaiyo yaMwari; iri ndiro suo
rokudenga."

[18] Mangwanani akatevera Jakobho akatora dombo raakanga akatsamira
akarimisa sembiru akadururira mafuta pamusoro paro. [19] Akatumidza
nzvimbo iyi zita rokuti Bheteri, kunyange zvazvo guta iro raimbonzi Ruzi.

[20] Ipapo Jakobho akaita mhiko, akati, "Kana Mwari akava neni
uye akandichengeta parwendo urwu rwandiri kufamba uye akandipa
zvokudya kuti ndidye nenguo dzokupfeka [21] uye ndikadzoka zvakanaka
kuimba yababa vangu, ipapo Jehovha achava Mwari wangu, [22] uye
dombo iri randamisa sembiru richava imba yaMwari, uye pane zvose
zvamuchandipa ndichakupai chegumi."

# 29

*Jakobho anosvika muPadhani Aramu*

1 Ipapo Jakobho akapfuurira mberi norwendo rwake akasvika kunyika
yavanhu vokumabvazuva. 2 Ikoko akaona tsime musango, namapoka
matatu amakwai avete pedyo naro nokuti makwai ainwiswa patsime
iroro. Ibwe rakanga riri pamuromo wetsime rakanga riri guru. 3 Mapoka
ose aiti aungana ipapo, vafudzi vaikungurutsa ibwe kubva pamuromo
wetsime vachinwisa makwai avo. Ipapo vaizodzorera ibwe panzvimbo
yaro, ipo pamuromo wetsime.

4 Jakobho akabvunza vafudzi akati, “Mabvepiko, hama dzangu?”

Ivo vakapindura vakati, “Tabva kuHarani.”

5 Iye akati kwavari, “Munoziva Rabhani, muzukuru waNahori here?”

Vakapindura vakati, “Hongu, tinomuziva.”

6 Ipapo Jakobho akavabvunza akati, “Anofara here?”

Ivo vakati, “Hongu, anofara uye hoyo mwanasikana wake Rakeri ari kuuya namakwai.”

7 Iye akati, “Tarirai, achiri masikati haisati yava nguva yokuti makwai
aunganidzwe. Nwisai makwai mugoadzosera kumafuro.”

8 Vakapindura vakati, “Hatigoni kudaro kusvikira mapoka ose aunganidzwa uye ibwe rakungurutswa kubva pamuromo wetsime. Ipapo ndipo patinozonwisa makwai.”

9 Paakanga achiri kutaura navo, Rakeri akasvika namakwai ababa
vake, nokuti akanga ari mufudzikadzi. 10 Jakobho akati achiona Rakeri mwanasikana waRabhani, hanzvadzi yamai vake, uye namakwai
aRabhani, akaendapo akandokungurutsa ibwe kubva pamuromo wetsime
ndokubva anwisa makwai asekuru vake. 11 Ipapo Jakobho akatsvoda
Rakeri akachema zvikuru. 12 Uye akaudza Rakeri kuti iye akanga ari hama
yababa vake uye ari mwanakomana waRabheka. Saka Rakeri akamhanya
akandoudza baba vake.

13 Rabhani akati angoudzwa mashoko pamusoro paJakobho, mwanakomana wehanzvadzi yake, akakurumidza kundosangana naye. Akamumbundikira, akamutsvoda akamuuyisa kumba kwake, uye ipapo Jakobho
akamuudza zvose izvi. 14 Ipapo akati kwaari, “Iwe uri nyama yangu
neropa rangu.”

*Jakobho anowana Rea naRakeri*

Shure kwokugara kwake naye mwedzi wose, 15 Rabhani akati kwaari,
“Ungandishandira usingapuwi mubayiro nokuda kwokuti uri hama yangu
here? Ndiudze kuti mubayiro wako unofanira kuva chii?”

16 Zvino Rabhani akanga ana vanasikana vaviri; zita romukuru rainzi
Rea uye zita romuduku rainzi Rakeri. 17 Rea akanga ana meso akaneta, asi
Rakeri akanga ane chimiro chinoyevedza uye akanaka kwazvo. 18 Jakobho
aida Rakeri uye akati, “Ndichakushandirai kwamakore manomwe mugondipa Rakeri mwanasikana wenyu muduku.”

19 Rabhani akati, “Zviri nani kuti ndimupe kwauri pano kumupa
kuno mumwewo murume. Chigara hako pano neni.” 20 Saka Jakobho
akashanda kwamakore manomwe kuti awane Rakeri, asi akaita samazuva
mashoma chete kwaari nokuda kworudo rwake kwaari.

21 Ipapo Jakobho akati kuna Rabhani, “Ndipei mukadzi wangu. Nguva
yangu yakwana uye ndinoda kuvata naye.”

22 Saka Rabhani akaunganidza pamwe chete vanhu vose venzvimbo iyo
akaita mutambo. 23 Asi akati ava madekwana, akatora mwanasikana wake
Rea akamupa kuna Jakobho, Jakobho akavata naye. 24 Uye Rabhani akapa
Ziripa murandakadzi wake kumwanasikana wake kuti ave mushandi
wake.

25 Kwakati kwaedza mangwanani wanei ndiRea! Saka Jakobho akati
kuna Rabhani, "Chiiko ichi chamaita kwandiri? Ndakashandira Rakeri,
hazvisirizvo here? Seiko mandinyengera?"

26 Rabhani akapindura akati, "Haisi tsika yedu kuno kuti mwanasikana
muduku atange kuwanikwa mukuru achigere kuwanikwa. 27 Pedzisa
vhiki youmwenga yomwanasikana uyu; ipapo tichazokupawo muduku
shure kwokushandira mamwe makore manomwe."

28 Uye Jakobho akaita saizvozvo. Akapedza vhiki naRea, uye ipapo
Rabhani akamupa mwanasikana wake Rakeri kuti ave mukadzi wake.
29 Rabhani akapa murandakadzi wake Bhiriha kuna Rakeri kuti ave
mushandi wake. 30 Jakobho akavatawo naRakeri uye aida Rakeri kupfuura
Rea. Uye akashandira Rabhani kwamamwe makore manomwe.

### *Vana vaJakobho*

31 Jehovha akati aona kuti Rea akanga asingadikanwi, akazarura
chizvaro chake, asi Rakeri akanga asingabereki. 32 Rea akava nemimba
akabereka mwanakomana. Akamutumidza zita rokuti Rubheni, nokuti
akati, "Jehovha akaona kutambudzika kwangu. Zvirokwazvo murume
wangu achandida zvino."

33 Akabatazve pamwe pamuviri, uye akati abereka mwanakomana,
akati, "Nokuti Jehovha akanzwa kuti handidikanwi, akandipa uyuzve."
Saka akamutumidza kuti Simeoni.

34 Akabatazve pamwe pamuviri uye akati abereka mwanakomana,
akati, "Zvino pakupedzisira murume wangu achabatanidzwa neni, nokuti,
ndamuberekera vanakomana vatatu." Saka akamutumidza zita rokuti
Revhi.

35 Akabatazve pamwe pamuviri uye paakabereka mwanakomana, akati,
"Nguva ino ndicharumbidza Jehovha." Saka akamutumidza zita rokuti
Judha. Ipapo akaguma kubereka vana.

# 30

1 Rakeri akati aona kuti akanga asingaberekeri Jakobho vana, akaitira
mukoma wake godo. Saka akati kuna Jakobho, "Ndipe vana, kana
zvikasadaro ndichafa!"

2 Jakobho akamutsamwira akati, "Ko, ini ndiri panzvimbo yaMwari here
akakuita kuti urege kuva nevana?"

3 Ipapo akati, "Hoyu Bhiriha, murandakadzi wangu. Vata naye kuitira
kuti andiberekere vana uye kuti kubudikidza naye neni ndigovawo
nemhuri."

4 Saka akamupa murandakadzi wake Bhiriha kuti ave mukadzi wake.
Jakobho akavata naye, 5 akava nemimba akamuberekera mwanakomana.
6 Ipapo Rakeri akati, "Mwari andiruramisira; iye akanzwa mukumbiro
wangu uye akandipa mwanakomana." Nokuda kwaizvozvo akamutu-
midza zita rokuti Dhani.

7 Bhiriha murandakadzi waRakeri akavazve nemimba uye akaberekera
Jakobho mwanakomana wechipiri. 8 Ipapo Rakeri akati, "Ndakava
nokurwa kukuru nomukoma wangu, ndikakunda." Saka akamutumidza
zita rokuti Nafutari.

9 Rea akati aona kuti aguma kubereka vana, akatora murandakadzi
wake Ziripa akamupa kuna Jakobho somukadzi wake. 10 Ziripa muran-
dakadzi waRea akaberekera Jakobho mwanakomana. 11 Ipapo Rea akati,
“Makorokoto! Zvaita zvakanaka.” Saka akamutumidza zita rokuti Gadhi.
12 Ziripa murandakadzi waRea akaberekera Jakobho mwanakomana
wechipiri. 13 Ipapo Rea akati, “Mufaroi wandinawo! Vakadzi vachati
mufaro kwandiri.” Saka akamutumidza zita rokuti Asheri.
14 Panguva yokuchekwa kwegorosi, Rubheni akabuda akaenda musango
akandowana mamandiraki, akauya nawo kuna mai vake Rea, Rakeri akati
kuna Rea, “Ndapota dondipawo mamwe mamandiraki omwanakomana
wako.”
15 Asi iye akati kwaari, “Ko, hazvina kuringana here kuti wakanditorera
murume wangu? Uchada kutorazve mamandiraki omwanakomana
wangu here?”
Rakeri akati, “Zvakanaka, ngaavate newe usiku huno nokuda kwama-
mandiraki omwanakomana wako.”
16 Saka Jakobho akati achisvika kubva kusango manheru iwayo, Rea
akabuda kundomuchingamidza. Akati kwaari, “Unofanira kuvata neni
iwe. Ndakutenga nemamandiraki omwanakomana wangu.” Saka akavata
naye usiku ihwohwo.
17 Mwari akanzwa Rea, uye akava nemimba akaberekera Jakobho
mwanakomana wechishanu. 18 Ipapo Rea akati, “Mwari akandipa
mubayiro nokuda kwokupa murandakadzi wangu kumurume wangu.”
Saka akamutumidza zita rokuti Isakari.
19 Rea akabatazve pamuviri uye akaberekera Jakobho mwanakomana
wechitanhatu. 20 Ipapo Rea akati, “Mwari andipa chipo chinokosha.
Nguva ino murume wangu achandikudza, nokuti ndamuberekera vanako-
mana vatanhatu.” Saka akamutumidza zita rokuti Zebhuruni.
21 Shure kwaizvozvo akazobereka mwanasikana uye akamutumidza zita
rokuti Dhaina.
22 Ipapo Mwari akarangarira Rakeri; akamunzwa uye akazarura chiz-
varo chake. 23 Akava nemimba akabereka mwanakomana uye akati,
“Mwari abvisa kunyadziswa kwangu.” 24 Akamutumidza zita rokuti
Josefa, uye akati, “Mwari ngaandiwedzere mumwe mwanakomana.”

### *Zvipfuwo zvaJakobho zvinowanda*

25 Shure kwokuberekwa kwaJosefa naRakeri, Jakobho akati kuna
Rabhani, “Ndiregei ndiende kunyika yokwangu. 26 Ndipei vakadzi
vangu navana, avo vandakakushandirai kuti ndigowana, uye ndigoenda.
Munoziva kuti ndakakushandirai sei.”
27 Asi Rabhani akati kwaari, “Kana ndawana nyasha pamberi
pako, ndapota hangu imbogara. Ndakaona nokuvuka kuti Jehovha
akandiropafadza nokuda kwako.” 28 Akatizve, “Reva muripo wako, uye
ndichakuripa.”
29 Jakobho akati kwaari, “Munoziva kuti ndakakushandirai sei uye kuti
zvipfuwo zvenyu ndakazvichengeta sei. 30 Zvishoma zvamaiva nazvo
kare ndisati ndauya zvawanda, uye Jehovha akakuropafadzai kwose
kwandakanga ndiri. Asi zvino, ndichaitirawo mhuri yangu chinhu
riniko?”
31 Akamubvunza akati, “Ndokupeiko?”
Jakobho akati, “Musandipa chinhu. Asi kana mukandiitira chinhu
chimwe chete ichi, ndicharamba ndichifudza makwai enyu uye

ndichaachengeta: [32] Regai ndifambe pakati pezvipfuwo zvenyu zvose
nhasi nditsaure pakati pazvo zvose zvina mavara namakwai ana mak-
wapa, gwayana dema rimwe nerimwe nembudzi imwe neimwe ina
mavara kana ina makwapa. Ndizvo zvichava mubayiro wangu. [33] Uye
kutendeka kwangu kuchandipupurira pane ramangwana rangu, pose
pamunenge muchizoona mubayiro wangu wamakandipa. Mbudzi ipi
zvayo yandinayo inenge isina mavara kana gwapa, kana gwayana ripi
zvaro rinenge risina kusviba, zvichanzi zvakabiwa."

[34] Rabhani akati, "Ndizvozvo. Ngazvive sezvawataura." [35] Musi
wacho iwoyo akatsaura nhongo dzose dzembudzi dzakanga dzine mitsetse
kana dzaiva namakwapa, nenhunzvi dzose dzembudzi (dzose dzakanga
dzine zvichena padziri) namakwayana matema ose, akazvichengetesa
navanakomana vake. [36] Ipapo akaisa nhambwe yorwendo rwamazuva
matatu pakati pake naJakobho, asi Jakobho akaramba achifudza makwai
akanga asara aRabhani.

[37] Kunyange zvakadaro, Jakobho akatora matavi akatemwa kubva
pamupopura, muarimondi nomuti womupureni uye akasvuura mitsetse
michena pairi achibvisa gwati kuti kuchena kwedanda kwomukati
kuonekwe. [38] Ipapo akaisa matanda ose akasvuurwa muzvinwiro
zvose, kuitira kuti ave mberi kwezvipfuwo pazvainge zvauya ku-
zonwa. Zvipfuwo zvapfumvura zvaiti pazvinenge zvauya kuzonwa mvura,
[39] zvaisangana pamberi pamatanda. Uye zvaibereka vana vane mitsetse
kana vane mavara kana makwapa. [40] Jakobho aitsaura mbudzana
kana makwayana oga, asi aiita kuti akasara atarisane nezvipfuwo zvine
mitsetse nezvipfuwo zvitema zvakanga zviri zvaRabhani. Nokudaro
akaparadzanisa zvipfuwo zvake nezvaRabhani. [41] Pose painge nhunzvi
dzezvipfuwo zvine simba zvapfumvura, Jakobho aiisa matanda muzv-
inwiro pamberi pezvipfuwo kuitira kuti zvisangane pedyo namatanda,
[42] asi kana zvipfuwo zvisina simba, aisaisa matanda ipapo. Saka zvipfuwo
zvisina simba zvakaenda kuna Rabhani uye zvine simba zvikaenda kuna
Jakobho. [43] Nenzira iyi murume uyu akapfuma kwazvo uye akava
namapoka akawanda amakwai, navarandakadzi navarandarume, uye
ngamera nembongoro.

# 31

### *Jakobho anotiza kubva kuna Rabhani*

[1] Jakobho akanzwa kuti vanakomana vaRabhani vakanga vachiti,
"Jakobho atora zvose zvaiva zvababa vedu uye awana upfumi hwose uhu
kubva kune zvaiva zvababa vedu." [2] Uye Jakobho akaona kuti ndangariro
dzaRabhani kwaari dzakanga dzisisina kuita sapakutanga.

[3] Ipapo Jehovha akati kuna Jakobho, "Dzokera kunyika yamadzibaba ako
nokuhama dzako, uye ndichava newe."

[4] Saka Jakobho akatuma shoko kuna Rakeri naRea kuti vauye ku-
sango kwakanga kuna makwai ake. [5] Akati kwavari, "Ndinoona kuti
ndangariro dzababa venyu kwandiri hadzisisina kuita sezvadzakanga
dzakaita kare, asi Mwari wababa vangu aneni. [6] Munoziva kuti
ndakashandira baba venyu nesimba rangu rose, [7] asi baba venyu
vakandinyengera nokushandura-shandura mubayiro wangu kagumi kose.
Kunyange zvakadaro hazvo, Mwari haana kuvatendera kuti vandiku-
vadze. [8] Pavakati, 'Zvina mavara zvichava mubayiro wako,' ipapo

zvipfuwo zvose zvakabereka zvina mavara, uye pavakati, 'Zvine mitsetse
zvichava mubayiro wako,' ipapo zvipfuwo zvose zvakaberekwa zvine
mitsetse. 9 Saka Mwari akatora zvipfuwo zvababa venyu akazvipa
kwandiri.
10 "Panguva yokubereka kwezvipfuwo, ndakarota dzimwe hope dzokuti
ndakatarira ndikaona kuti nhongo dzembudzi dzaisangana nezvipfuwo
dzakanga dzine mitsetse, dzina mavara kana kuti dzina makwapa.
11 Mutumwa waMwari akati kwandiri mukurota, 'Jakobho,' ini ndikapin-
dura ndikati, 'Ndiri pano.' 12 Uye akati, 'Tarira uone kuti nhongo dzose
dzembudzi dzinosangana nezvipfuwo zvose dzine mitsetse, mavara kana
makwapa, nokuti ndaona zvose zvakanga zvichiitwa naRabhani kwauri.
13 Ndini Mwari weBheteri, kuya kwawakazodza mbiru uye kwawakaita
mhiko neni. Zvino kurumidza ubve munyika ino udzokere kunyika
kwawakazvarirwa.' "
14 Ipapo Rakeri naRea vakati, "Ko, tichine mugove munhaka yababa
vedu here? 15 Ko, havationi savatorwa here? Havana kungotitengesa
chete, asi vakashandisa mutengo wedu wose. 16 Zvirokwazvo pfuma yose
yakatorwa naMwari kubva kuna baba vedu ndeyedu nevana vedu. Saka
ita zvose zvaunoudzwa naMwari."
17 Ipapo Jakobho akaisa vana vake navakadzi vake pangamera, 18 uye
akatinha zvipfuwo zvose pamwe chete nepfuma yose yaakanga aun-
ganidza muPadhani Aramu, kuti aende kuna baba vake Isaka kunyika
yeKenani.
19 Rabhani akati aenda kundoveura makwai ake, Rakeri akaba vamwari
vomumba mababa vake. 20 Pamusoro paizvozvo, Jakobho akanyengera
Rabhani muAramu nokusamuudza kuti ava kuenda. 21 Saka aka-
tiza nezvose zvaakanga anazvo, akayambuka Rwizi akananga kunyika
yezvikomo yeGireadhi.

### *Rabhani anotevera Jakobho*

22 Pazuva rechitatu Rabhani akazoudzwa kuti Jakobho akanga atiza.
23 Akatora hama dzake, akatevera Jakobho kwamazuva manomwe uye
vakamubatira munyika yezvikomo yeGireadhi. 24 Ipapo Mwari akasvika
kuna Rabhani muAramu mukurota usiku uye akati kwaari, "Chenjera
kuti urege kutaura chinhu chipi zvacho kuna Jakobho, chakanaka kana
chakaipa."
25 Jakobho akanga adzika tende rake munyika yezvikomo yeGireadhi
paakabatwa naRabhani, uye Rabhani nehama dzake vakadzikawo musasa
ipapo. 26 Ipapo Rabhani akati kuna Jakobho, "Waiteiko? Wandinyengera,
uye watakura vanasikana vangu senhapwa muhondo. 27 Ko, watizirei
muchivande uye ukandinyengera? Seiko usina kundiudza, kuitira kuti
ndaidai ndakuendesa nomufaro uye kuchiimbwa nziyo nokuridzwa
matambureni norudimbwa? 28 Hauna kunditendera kutsvoda vazukuru
vangu kana kuonekana navanasikana vangu. Waita zvoupenzi. 29 Ndine
simba rokukukuvadza; asi usiku Mwari wababa vako ati kwandiri, 'Chen-
jera kuti urege kutaura chinhu chipi zvacho kuna Jakobho, chakanaka
kana chakaipa.' 30 Zvino wakada kuenda nokuda kwokushuva kudzokera
kuimba yababa vako. Asi wakabireiko vamwari vangu?"
31 Jakobho akapindura Rabhani akati, "Ndakanga ndichitya, nokuti
ndakafunga kuti maizonditorera vanasikana venyu nechisimba. 32 Asi
kana mukawana munhu upi zvake anenge ana vamwari venyu, iyeye
haafaniri kurarama. Pamberi pehama dzedu zvionerei pachenyu kana

pane chinhu chenyu pano neni; uye kana zvakadaro, muchitore henyu.”
Zvino Jakobho akanga asingazivi kuti Rakeri akanga aba vamwari vacho.
33 Saka Rabhani akapinda mutende raJakobho nomutende raRea uye
nomumatende maviri avarandakadzi, asi haana kuwana chinhu. Mushure
mokubuda kwake mutende raRea, akapinda mutende raRakeri. 34 Zvino
Rakeri akanga atora vamwari vomuimba yababa vake akavaisa pasi
pechigaro chengamera yake uye akanga agere pamusoro pazvo. Rabhani
akatsvaka pakati pezvinhu zvose mutende asi haana kuwana chinhu.
35 Rakeri akati kuna baba vake, “Regai henyu kutsamwa, ishe wangu,
kuti handigoni kusimuka pamberi penyu; ndiri pamutowo wavakadzi.”
Saka akatsvaka asi haana kuwana vamwari veimba yake.
36 Jakobho akatsamwa uye akapopotera Rabhani akati, “Mhaka yangu
ndeyeiko? Chivi chandakaita ndecheiko zvamandivhima mukadai?
37 Zvino zvamatsvaka pakati penhumbi dzangu dzose, chiiko chamawana
chokumba kwenyu? Chiisei pano pamberi pehama dzenyu, uye ngava-
tonge pakati pedu isu vaviri.
38 “Ndakanga ndinemi makore makumi maviri aya. Makwai enyu
nembudzi dzenyu hazvina kusvodza, uye handina kudya makondobwe
amakwai enyu. 39 Handina kuuya kwamuri nezvipfuwo zvakabvam-
burwa nezvikara zvesango; ndakatakura mutoro wacho pachangu. Uye
makareva muripo kubva kwandiri pane zvose zvakabiwa masikati kana
usiku. 40 Aya ndiwo aiva magariro angu: Ndakapiswa nezuva masikati
uye nechando usiku, uye hope dzakatiza mumaziso angu. 41 Zvakanga
zvakaita saizvozvi kwamakore gumi namana nokuda kwavanasikana
venyu vaviri ava nemakore matanhatu nokuda kwezvipfuwo zvenyu,
uye makashandura mubayiro wangu kagumi. 42 Dai Mwari wababa
vangu, iye Mwari waAbhurahama uye aityiwa naIsaka, akanga asineni,
zvirokwazvo mungadai makandiendesa ndisina chinhu. Asi Mwari
akaona kutambudzika kwangu nokubata kwamaoko angu, uye usiku
akakutsiurai.”
43 Rabhani akapindura Jakobho akati, “Madzimai aya vanasikana vangu,
uye vana ava vana vangu, uye zvipfuwo izvi ndezvangu. Zvose zvaunoona
ndezvangu. Asi ndichaiteiko nhasi pamusoro pavanasikana vangu ava,
kana pamusoro pavana vavakabereka? 44 Uya zvino, ngatiite sungano,
iwe neni, uye ngaive chapupu pakati pedu.”
45 Saka Jakobho akatora ibwe akarimisa sembiru. 46 Akati kuhama
dzake, “Unganidzai mamwe mabwe.” Saka vakatora mabwe vakaaun-
ganidza vakaita murwi, uye vakadya ipapo pamurwi. 47 Rabhani
akautumidza zita rokuti Jegari Sahadhuta, uye Jakobho akautumidza kuti
Gareedhi.
48 Rabhani akati, “Murwi uyu ndiwo uchapupu pakati pangu newe
nhasi.” Ndokusaka wakanzi Gareedhi. 49 Wakanga uchinziwo Mizipa,
nokuti akati, “Jehovha ngaachengete iwe neni patinenge tiri kure nokure.
50 Kana ukabata vanasikana vangu zvakaipa kana kutora vamwe vakadzi
kunze kwevanasikana vangu, kunyange dai mumwe munhu akasava nesu,
rangarira kuti Mwari ndiye chapupu pakati pako neni.”
51 Rabhani akatiwo kuna Jakobho, “Hoyu murwi uyu, uye heyi mbiru
yandamisa iyi pakati pako neni. 52 Murwi uyu ndiwo chapupu uye mbiru
iyi ndiyo chapupu, kuti handizopfuuri murwi uno ndichiuya kwauri kuti
ndizokukuvadza uye kuti iwe hauzopfuuri murwi uno nembiru uchiuya
kurutivi rwangu kuti uzondikuvadza. 53 Mwari waAbhurahama naMwari
waNahori, iye Mwari wababa vavo, ngaatonge pakati pedu.”

Saka Jakobho akaita mhiko muzita raiye aityiwa nababa vake Isaka.
54 Akapa chibayiro imomo munyika yezvikomo uye akakoka hama dzake
kuti dzizodya. Mushure mokudya vakavatapo usiku ihwohwo.

55 Mangwanani akatevera Rabhani akatsvoda vazukuru vake navanasikana vake uye akavaropafadza. Ipapo akabva akadzokera kumusha kwake.

# 32

*Jakobho anogadzirira kundosangana naEsau*

1 Jakobho akaendawo nenzira yake, uye vatumwa vaMwari vakasangana naye.

2 Jakobho akati achivaona, akati, "Uyu ndiwo musasa waMwari!" Saka akatumidza nzvimbo iyo zita rokuti Mahanaimi.

3 Jakobho akatuma nhume mberi kwake kumukoma wake Esau munyika
yeSeiri, iyo nyika yeEdhomu. 4 Akavarayira akati, "Izvi ndizvo zvamunofanira kutaura kuna tenzi wangu Esau kuti: 'Zvanzi nomuranda wenyu Jakobho, Ndakanga ndichigara naRabhani uye ndakagarako kusvikira
zvino. 5 Ndine mombe nembongoro, makwai nembudzi, varandarume navarandakadzi. Zvino ndiri kutuma shoko iri kuna she wangu, kuti ndiwane nyasha pamberi penyu.' "

6 Nhume dzakati dzadzoka kuna Jakobho, dzakati kwaari, "Takaenda kumukoma wenyu Esau, uye ari kuuya zvino kuzosangana nemi, uye ana varume mazana mana."

7 Ipapo Jakobho akatya zvikuru uye akatambudzika, akaparadzanisa vanhu vaakanga anavo mumapoka maviri, uye makwai nemombe
nengamerawo. 8 Akafunga akati, "Kana Esau akasvika akaparadza rimwe boka, boka rasara ringapunyuka."

9 Ipapo Jakobho akanyengetera akati, "Haiwa Mwari wababa vangu Abhurahama, Mwari wababa vangu Isaka, imi Jehovha makati kwandiri, 'Dzokera kunyika yokwako nokuhama dzako, uye ndichaita kuti
ubudirire,' 10 ini handina kufanirwa nenyasha dzenyu dzose idzi uye nokutendeka kwamakaratidza muranda wenyu. Ndakanga ndichingova netsvimbo yangu bedzi pandakayambuka Jorodhani urwu, asi zvino
ndava mapoka maviri. 11 Ndinokumbira kuti mundiponese kubva muruoko rwomukoma wangu Esau, nokuti ndinotya kuti achasvika
akandiuraya, uyewo madzimai aya navana vavo. 12 Asi imi makati, 'Zvirokwazvo ndichaita kuti ubudirire uye kuti zvizvarwa zvako zvive sejecha regungwa, risingagoni kuverengwa.' "

13 Akapedza usiku hwose ipapo, uye pane zvaakanga anazvo, akat-
saurira mukoma wake Esau chipo chaiti: 14 mazana maviri enhunzvi dzemakwai namakumi maviri enhongo dzembudzi, mazana maviri am-
atunzvi amakwai namakondobwe makumi maviri, 15 ngamera hadzi, makumi matatu navana vadzo, mhou dzemombe makumi mana nehando
gumi, mbongoro hadzi makumi maviri uye nehono gumi. 16 Akaita kuti zvichengetwe navaranda vake, boka rimwe nerimwe riri roga, uye akati kuvaranda vake, "Tungamirai mberi kwangu, uye musiye nzvimbo pakati pamapoka."

17 Akarayira uya akanga achitungamirira akati, "Mukoma wangu Esau paanosangana nemi uye akakubvunza achiti, 'Uri waaniko iwe, uye uri
kuendepi, uye pfuma yose iri mberi kwako ndeyani?' 18 ipapo iwe
unofanira kupindura uchiti, 'Ndezvomuranda wenyu Jakobho. Izvi zvipo

zvatumirwa kuna she wangu Esau, uye iye ari kutevera mumashure medu.' "

19 Akarayirawo wechipiri, wechitatu uye navamwe vose vaitevera
mapoka achiti, "Munofanira kutaura chinhu chimwe chete kuna Esau
pamunosangana naye. 20 Uye murangarire kuti, 'Muranda wenyu
Jakobho ari kuuya mumashure medu.' " Nokuti akafunga akati, "Ndamunyaradza nezvipo zvandiri kumutumira mberi; pandinozomuona, zvichida
achandigamuchira." 21 Saka chipo chaJakobho chakatungamira mberi
kwake, asi iye pachake akavata mumusasa. Nokuti akafunga akati, "Ndichamunyaradza nezvipo zvandiri kutumira mberi; pandinozomuona, zvichida achandigamuchira."

*Jakobho anoita mutsimba naMwari*

22 Usiku ihwohwo Jakobho akamuka akatora vakadzi vake vaviri,
varandakadzi vake navanakomana vake gumi nomumwe vakayambuka
pazambuko reJabhoki. 23 Shure kwokuvayambutsa rukova, akayambut-
sawo zvose zvaakanga anazvo. 24 Saka Jakobho akasara ari oga, uye
mumwe murume akaita mutsimba naye kusvikira utonga hwatsvuka.
25 Murume uye paakaona kuti akanga asingagoni kumukunda, akabata
pahudyu yaJakobho zvokuti hudyu yakashodogoka paakanga achiita
mutsimba nomunhu uyu. 26 Ipapo murume uya akati, "Ndirege ndiende,
nokuti utonga hwatsvuka."

Asi Jakobho akapindura akati, "Handingatongokuregei muchienda kusvikira mandiropafadza."

27 Murume uya akamubvunza akati, "Zita rako ndianiko?"

Jakobho akapindura akati, "Jakobho."

28 Ipapo murume uya akati, "Zita rako harichazonzi Jakobho, asi Israeri, nokuti wakarwa naMwari uye nomunhu ukakunda."

29 Jakobho akati, "Ndapota hangu, ndiudzei zita renyu."

Asi iye akapindura akati, "Seiko uchibvunza zita rangu?" Ipapo akamuropafadza.

30 Saka Jakobho akatumidza nzvimbo iyo zita rokuti Penieri, akati, "Nokuti ndaona Mwari chiso nechiso, asi handina kufa."

31 Zuva rakakwira pamusoro pake, paakanga opfuura Penieri, uye
akanga achikamhina nokuda kwehudyu yake. 32 Naizvozvo kusvikira zuva
ranhasi vaIsraeri havadyi runda rakabatanidzwa nehudyu, nokuti hudyu yaJakobho yakanga yakuvadzwa pedyo nerunda.

# 33

*Jakobho anosangana naEsau*

1 Jakobho akasimudza meso ake ndokuona hoyo Esau, achiuya ana
varume mazana mana; saka akaparadzanisa vana pakati paRea naRakeri
navarandakadzi vaviri. 2 Akaisa varandakadzi navana vavo pamberi, Rea
navana vake vachitevera, uye Rakeri naJosefa mumashure. 3 Iye pachake
akatungamira mberi akakotamira pasi kanomwe paakanga oswedera kumukoma wake.

4 Asi Esau akamhanya kundosangana naye akamumbundikira mumut-
sipa namaoko ake uye akamutsvoda. Uye vakachema. 5 Ipapo Esau
akasimudza meso ake akaona madzimai navana. Akamubvunza akati, "Ndivanaaniko ava vaunavo?"

Jakobho akapindura akati, “Ndivo vana vakapiwa muranda wenyu naMwari.”

6 Ipapo varandakadzi navana vavo vakaswedera uye vakakotama pasi.
7 Zvimwe chetezvo, Rea navana vake vakasvika uye vakakotama pasi. Mushure mavo vose Josefa naRakeri, naivowo vakakotama pasi.

8 Esau akati, “Ko, unorevei namapoka ose andasangana nawo aya?”

Iye akati, “Kuti ndiwane nyasha pamberi penyu, ishe wangu.”

9 Asi Esau akati, “Ndatova nezvizhinji, munun’una wangu. Chizvichengetera iwe zvaunazvo.”

10 Jakobho akati, “Kwete ndapota! Kana ndawana nyasha kwamuri gamuchirai henyu chipo ichi kubva kwandiri. Nokuti kuona chiso chenyu kunenge kuona chiso chaMwari, sezvo zvino mandigamuchira zvakanaka
kudai. 11 Ndapota, gamuchirai chipo chandakuvigirai, nokuti Mwari akandiitira nyasha uye ndine zvose zvandinoda.” Uye nokuda kwokuti Jakobho akaramba achimugombedzera, Esau akazochigamuchira.

12 Ipapo Esau akati, “Ngatiendei zvedu; ndichakuperekedzai.”

13 Asi Jakobho akati kwaari, “Ishe wangu anoziva kuti vana vachiri vaduku uye kuti ndinofanira kuchengetedza makwai nemombe dziri kunwisa. Kana zvikanyanya kutinhwa nezuva rimwe chete, zvingazofa.
14 Saka ishe wangu ngaatungamire hake mberi kwomuranda wake, ini ndichifamba hangu zvishoma zvishoma nenhambwe dzinoenderana nezvipfuwo zviri mberi kwangu, uyewo zvinoenderana navana, kudzamara ndasvika kuna she wangu kuSeiri.”

15 Esau akati, “Zvino chirega ndisiye vamwe vanhu vangu newe.”

Jakobho akabvunza akati, “Asi mungaitireiko izvozvo? Regai ndiwane nyasha pamberi pashe wangu bedzi.”

16 Saka pazuva iroro, Esau akapinda munzira yake akadzokera kuSeiri.
17 Zvisinei hazvo, Jakobho akaenda kuSukoti, kwaakazvivakira imba yake uye akaitirawo zvipfuwo zvake matanga. Ndokusaka nzvimbo iyo ichinzi Sukoti.

18 Shure kwokubva kwaJakobho kuPadhani Aramu, akasvika zvakanaka kuguta reShekemu muKenani uye akadzika musasa wake pakatarisana
neguta. 19 Akatenga nzvimbo yaakadzika matende ake kubva kuvanakomana vaHamori, baba vaShekemu nezana resirivha. 20 Akavaka aritari
ipapo uye akaitumidza zita rokuti Eri Erohe Israeri.

# 34

*Dhaina navaShekemu*

1 Zvino Dhaina, mwanasikana akaberekerwa Jakobho naRea, akabuda kundoshanyira madzimai enyika iyo. 2 Shekemu mwanakomana waHamori muHivhi, mutongi wenzvimbo iyo, akati amuona, akamumanikidza akavata naye, uye akamunyadza. 3 Mwoyo wake wakadokwairira Dhaina mwanasikana waJakobho, uye aida musikana uyu, uye
akataura naye zvinyoronyoro. 4 Saka Shekemu akati kuna Hamori baba vake, “Nditorerei musikana uyu kuti ave mukadzi wangu.”

5 Jakobho paakanzwa kuti mwanasikana wake Dhaina akanga asvibiswa, vanakomana vake vakanga vari kusango nezvipfuwo zvake; saka akanyarara pamusoro pazvo kusvikira vauya kumba.

6 Ipapo Hamori baba vaShekemu vakabuda kundotaura naJakobho.
7 Zvino vanakomana vaJakobho vakauya vachibva kusango, pavakan-
gonzwa zvakanga zvaitika. Vakanga vane shungu uye vakatsamwa, nokuti
Shekemu akanga aita chinhu chinonyadza kwazvo kuna Israeri, chokuvata
nomwanasikana waJakobho, chinhu chisingafaniri kuitwa.

8 Asi Hamori akati kwavari, "Mwanakomana wangu Shekemu anodok-
wairira mwanasikana wenyu. Ndapota mupei henyu iye kuti ave mukadzi
wake. 9 Ngatiwaniranei; tipei vanasikana venyu uye imiwo mutore
vanasikana vedu. 10 Munogona henyu kugara pakati pedu; nyika iri
pamberi penyu. Garaimo, tengesaimo, uye muve nepfuma murimo."

11 Ipapo Shekemu akati kuna baba vaDhaina nokuhanzvadzi dzake,
"Regai ndiwane nyasha pamberi penyu, uye ndichakupai zvose zvamun-
oda. 12 Revai henyu roora romwenga uye ndichakupai chipo chikuru
sezvamunoda, uye zvose zvamuchareva kwandiri ndicharipa hangu.
Ndipei bedzi musikana ave mukadzi wangu."

13 Nokuda kwokuti hanzvadzi yavo Dhaina yakanga yasvibiswa vanako-
mana vaJakobho vakapindura nokunyengera pakutaura kwavo kuna
Shekemu nababa vake Hamori. 14 Vakati kwaari, "Hatingaiti chinhu
chakadaro; hatigoni kupa hanzvadzi yedu kumurume asina kudzingiswa.
Chingava chinyadziso kwatiri ichocho. 15 Tingangotenderana kana maita
chinhu chimwe chete: kuti imi muve sesu nokudzingisa varume vose.
16 Ipapo tichakupai vanasikana vedu uye tigozvitorerawo vanasikana
venyu. Tichagara pakati penyu tigova vanhu vamwe nemi. 17 Asi kana
musingadi kudzingiswa, isu tichatora hanzvadzi yedu tigoenda."

18 Kutaura kwavo kwainge kwakanaka kuna Hamori nomwanakomana
wake Shekemu. 19 Jaya iri raikudzwa zvikuru pakati pemhuri yose yababa
varo, harina kunonoka kuita zvavakareva, nokuti akanga achifadzwa
nomwanasikana waJakobho. 20 Saka Hamori nomwanakomana wake
Shekemu vakaenda kusuo reguta ravo kuti vandotaura navamwe varume
vomuguta ravo. 21 Vakati, "Vanhu ava vakanaka kwazvo kwatiri.
Ngavagare munyika yedu uye vashambadzire mairi; nyika yakakura
kwazvo kwavari. Tinogona kuwana vanasikana vavo uye ivo vanogona
kuwana veduwo. 22 Asi varume vachatenderana nesu kuti tive savanhu
vamwe nechinhu chimwe bedzi, chokuti vanhurume vedu vadzingiswe,
sezvavari ivo. 23 Ko, mombe dzavo, pfuma yavo nezvimwe zvipfuwo
zvavo hazvingavi zvedu here? Saka ngatitenderanei navo, vagogara pakati
pedu."

24 Varume vose vakabuda kusuo reguta vakabvumirana naHamori
nomwanakomana wake Shekemu, uye vanhurume vose vomuguta
vakadzingiswa.

25 Shure kwamazuva matatu, vose vachiri kurwadziwa, vanakomana
vaviri vaJakobho, Simeoni naRevhi, hanzvadzi dzaDhaina, vakatora
minondo yavo vakarwisa guta rakanga risina chifungidziro, vakau-
raya munhurume wose. 26 Vakauraya Hamori nomwanakomana
wake nomunondo uye vakatora hanzvadzi yavo Dhaina kubva mumba
maShekemu vakaenda. 27 Vanakomana vaJakobho vakasvika kuzvitunha
vakapamba guta iro makanga masvibiswa hanzvadzi yavo. 28 Vakatora
makwai avo nemombe dzavo, mbongoro dzavo nezvose zvakanga zviri
zvavo muguta uye nezvaiva musango. 29 Vakatakura pfuma yavo
navakadzi vavo vose navana, vakapamba zvinhu zvose zvaiva mudzimba.

30 Ipapo Jakobho akati kuna Simeoni naRevhi, “Mandiparira
dambudziko mukandiita chinhu chinonhuhwa kuvaKenani
navaPerizi, vanhu vagere munyika muno. Tiri vashoma isu, uye
kana vakandikomberana uye vakarwa neni, ini nemhuri yangu
tichaparadzwa.”
31 Asi ivo vakapindura vakati, “Zvakanaka here kuti vabate hanzvadzi
yedu sechifeve?”

# 35

### *Jakobho anodzokera kuBheteri*

1 Ipapo Mwari akati kuna Jakobho, “Kwira uende kuBheteri undog-
ara ikoko, uye uvake aritari yaMwari ikoko, iye akazviratidza kwauri
pawakanga uchitiza mukoma wako Esau.”
2 Saka Jakobho akati kune veimba yake nokuna vose vakanga vanaye,
“Bvisai vamwari vavatorwa vamunavo, muzvinatse uye mupfeke dzimwe
nguo dzenyu. 3 Ipapo mugouya tiende kuBheteri, uko kwandichandovaka
aritari yaMwari, iye akandipindura pazuva rokutambudzika kwangu uye
iye akanga aneni kwose kwandakaenda.” 4 Saka vakapa Jakobho vamwari
vavatorwa vose vavaiva navo nemhete dzaiva munzeve dzavo, uye
Jakobho akazvifushira pasi pomuouki weShekemu. 5 Ipapo vakasimuka,
kutya Mwari kukawira pamusoro pamaguta ose akavapoteredza zvokuti
hakuna munhu akavatevera.
6 Jakobho navanhu vose vaaiva navo vakasvika kuRuzi (ndirowo
Bheteri) munyika yeKenani. 7 Akavaka aritari ipapo, akatumidza nzvimbo
iyo zita rokuti Eri Bheteri, nokuti Mwari akazviratidza kwaari ipapo
paakanga achitiza mukoma wake.
8 Zvino Dhibhora, mureri waRabheka, akafa akavigwa pasi pomuouki
mujinga meBheteri. Saka pakatumidzwa zita rokuti Aroni Bhakuti.
9 Shure kwokudzokera kwaJakobho kuPadhani Aramu, Mwari akazvi-
ratidza zvakare uye akamuropafadza. 10 Mwari akati kwaari, “Zita rako
ndiJakobho, asi hauchanzi Jakobho, zita rako richanzi Israeri.” Saka
akamutumidza zita rokuti Israeri.
11 Uye Mwari akati kwaari, “Ndini Mwari Wamasimba Ose; berekanai
muwande. Rudzi neboka rendudzi zvichabva kwauri, uye madzimambo
achabuda kubva mauri. 12 Nyika yandakapa Abhurahama naIsaka
ndinoipawo kwauri, uye ndichapa nyika ino kuzvizvarwa zvako zvi-
nokutevera.” 13 Ipapo Mwari akakwira kudenga akabva panzvimbo
yaakanga ataura naye.
14 Jakobho akamisa mbiru yebwe panzvimbo iyo Mwari akanga ataura
naye, uye akadururira chipiriso chinonwiwa pariri; akadirawo mafuta
pariri. 15 Jakobho akatumidza nzvimbo iyo Mwari akanga ataura naye
kuti Bheteri.

### *Kufa kwaRakeri naIsaka*

16 Ipapo vakapfuurira mberi kubva kuBheteri. Vachiri chinhambwe
neEfurati, Rakeri akatanga kurwadziwa uye akatambudzika zvikuru.
17 Uye paakanga achitambudzika zvikuru pakupona mwana, mbuya
vaimuchengeta vakati kwaari, “Usatya, nokuti uno mumwe mwanako-
mana.” 18 Paakabudisa mweya wake, nokuti akanga ofa, akatumidza
mwanakomana wake zita rokuti Bheni-Oni. Asi baba vake vakamutu-
midza zita rokuti Bhenjamini.

19 Saka Rakeri akafa akavigwa munzira yaienda kuEfurati (ndiro
Bheterehema). 20 Pamusoro peguva rake Jakobho akaisa mbiru, uye
kusvikira zuva ranhasi mbiru iyi inoratidza guva raRakeri.

21 Israeri akapfuurira mberi zvakare akandodzika tende rake seri
kweMigidhari Edheri. 22 Israeri achiri kugara munyika iyo, Rubheni
akapinda akandovata nomurongo wababa vake Bhiriha, uye Israeri
akanzwa nezvazvo.

Jakobho akanga ana vanakomana gumi navaviri:

23 Vanakomana vaRea vaiti:
Rubheni dangwe raJakobho,
Simeoni, Revhi, Judha, Isakari naZebhuruni.
24 Vanakomana vaRakeri vaiva:
Josefa naBhenjamini.
25 Vanakomana vaBhiriha murandakadzi waRakeri vaiva:
Dhani naNafutari.
26 Vanakomana vaZiripa murandakadzi waRea vaiva:
Gadhi naAsheri.

Ava ndivo vanakomana vaJakobho, vaakabereka muPadhani Aramu.

27 Jakobho akasvika kumusha kuna baba vake Isaka paMamure, pedyo
neKiriati Abha (ndiro Hebhuroni), uko kwakambogara Abhurahama
naIsaka. 28 Isaka akararama kwamakore zana namakumi masere. 29 Ipapo
akabudisa mweya wake akafa akasanganiswa navanhu vake, akwegura
kwazvo. Uye vanakomana vake Esau naJakobho vakamuviga.

# 36

### *Zvizvarwa zvaEsau*

1 Iyi ndiyo nhoroondo yaEsau (ndiye Edhomu).

2 Esau akatora mukadzi wake kubva kuvakadzi veKenani: Adha
mwanasikana waEroni muHiti, naOhoribhama mwanasikana waAna,
muzukuru waZibheoni muHivhi, 3 uyewo Bhasemati mwanasikana
waIshumaeri, hanzvadzi yaNebhayoti.
4 Adha akaberekera Esau Erifazi, Bhasemati akabereka Reueri, 5 uye
Ohoribhama akabereka Jeushi, Jaramu naKora. Ndivo vana vaEsau
vaakaberekerwa muKenani.
6 Esau akatora vakadzi vake navanakomana vake uye vanasikana
vake navamwe vose veimba yake, pamwe chete nemombe dzake
nezvimwe zvipfuwo zvake nepfuma yake yose yaakanga awana muKenani, akaenda kunyika yakanga iri kure nomunun'una wake Jakobho.
7 Pfuma yakanga yawanda kwazvo kuti vagare pamwe chete; nyika
yavaigara yakanga isisavaringani vose nokuda kwezvipfuwo zvavo.
8 Saka Esau (ndiye Edhomu) akandogara kunyika yezvikomo yeSeiri.

9 Iyi ndiyo nhoroondo yaEsau baba vavaEdhomu munyika yezvikomo yeSeiri.

10 Aya ndiwo mazita avanakomana vaEsau:
Erifazi, mwanakomana womukadzi waEsau, Adha, Reueri, mwanakomana waBhasemati, mukadzi waEsau.
11 Vanakomana vaErifazi vaiva:
Temani, Omari, Zefo, Gatami naKenazi. 12 Mwanakomana waEsau,
Erifazi naiyewo akanga ano murongo ainzi Timina, uyo akamuberekera Amareki. Ava ndivo vaiva vazukuru vaAdha, mukadzi waEsau.
13 Vanakomana vaReueri vaiva:
Nahati, Zera, Shama naMiza. Ava ndivo vaiva vazukuru vaBhasemati mukadzi waEsau.
14 Vanakomana vaOhoribhama, mukadzi waEsau, mwanasikana waAna, muzukuru waZibheoni, vaakaberekera Esau, vaiva:
Jeushi, Jaramu naKora.

15 Aya ndiwo aiva madzishe pakati pezvizvarwa zvaEsau:
Vanakomana vaErifazi, dangwe raEsau, vaiva:
madzishe Temani, Omari, Sefo, Kenazi, 16 Kora, Gatami naAmareki.
Aya ndiwo madzishe akabva kuna Erifazi muEdhomu; vaiva vazukuru vaAdha.
17 Vanakomana vaReueri, mwanakomana waEsau,
vaiva madzishe Nahati, Zera, Shama naMiza. Aya ndiwo madzishe akabva kuna Reueri muEdhomu; vakanga vari vazukuru vaBhasemati, mukadzi waEsau.
18 Vanakomana vaOhoribhama, mukadzi waEsau, vaiva:
madzishe Jeushi, Jaramu naKora. Aya ndiwo madzishe akabva kuna Ohoribhama mukadzi waEsau mwanasikana waAna.
19 Ava ndivo vaiva vanakomana vaEsau (ndiye Edhomu) uye aya ndiwo madzishe avo.

20 Ava ndivo vakanga vari vanakomana vaSeiri muHori, vakanga vachigara mudunhu iroro:
Rotani, Shobhari, Zibheoni, Ana, 21 Dhishoni, Ezeri naDhishani.
Vanakomana ava vaSeiri muEdhomu vakanga vari madzishe avaHori.
22 Vanakomana vaRotani vaiva:
Hori naHomami. Timina akanga ari hanzvadzi yaRotani.
23 Vanakomana vaShobhari vaiva:
Arivhani, Manahati, Ebhari, Shefo naOnami.
24 Vanakomana vaZibheoni vaiva:
Ayia naAna. Uyu ndiye uya Ana akawana matsime emvura inopisa mugwenga paakanga achifudza mbongoro dzababa vake Zibheoni.
25 Vanakomana vaAna vaiva:
Dishoni naOhoribhama, mwanakomana waAna.
26 Vanakomana vaDhishoni vaiva:
Hemidhani, Eshibhani, Itirani naKerani.
27 Vanakomana vaEzeri vaiva:
Bhirihani, Zaavhani naAkani.
28 Vanakomana vaDhishani vaiva:
Uzi naArani.
29 Aya ndiwo akanga ari madzishe avaHori:
Rotani, Shobhari, Zibheoni, Ana, 30 Dhishoni, Ezeri naDhishani.

Aya ndiwo akanga ari madzishe avaHori zvichienderana namarudzi avo, munyika yaSeiri.

*Vatongi veEdhomu*

31 Aya ndiwo madzimambo akatonga muEdhomu pasati pambova namambo upi zvake akatonga muIsraeri:

32 Bhera, mwanakomana waBheori, akava mambo weEdhomu. Guta rake rakatumidzwa zita rokuti Dhinihabha.

33 Bhera akati afa, Jobhabhi, mwanakomana waZera, aibva kuBhozira akamutevera paumambo.

34 Jobhabhi akati afa, Hushami aibva kunyika yavaTemani akamutevera paumambo.

35 Hushani akati afa, Hadhadhi mwanakomana waBhedhadhi, uya akakunda Midhiani munyika yeMoabhu, akamutevera paumambo. Guta rake rakatumidzwa zita rokuti Avhiti.

36 Hadhadhi akati afa, Samura aibva kuMasireka akamutevera paumambo.

37 Samura akati afa, Shauri aibva kuRehobhoti paRwizi akamutevera paumambo.

38 Shauri akati afa, Bhaari-Hanani mwanakomana waAkibhori akamutevera paumambo.

39 Bhaari-Hanani mwanakomana waAkibhori akati afa, Hadhadhi akamutevera paumambo. Guta rake rakatumidzwa zita rokuti Pua, uye zita romukadzi wake rainzi Mehetabheri mwanasikana waMatiredhi, mwanasikana waMe-Zahabhi.

40 Aya ndiwo madzishe akabva kuna Esau, namazita avo, maererano nedzimba dzavo namatunhu avo:

Timina, Arivha, Jeteti,

41 Ohoribhama, Era, Pinoni,

42 Kenazi, Temani, Mibhiza,

43 Magidhieri naIrami.

Aya ndiwo akanga ari madzishe eEdhomu, maererano namagariro avo munyika yavakatora.

Uyu ndiye Esau baba wevaEdhomu.

# 37

*Zviroto zvaJosefa*

1 Jakobho akagara munyika yakanga yambogarwa nababa vake, iyo nyika yeKenani.

2 Iyi ndiyo nhoroondo yaJakobho.

Josefa jaya ramakore gumi namanomwe, akanga achifudza makwai pamwe chete namadzikoma ake, vanakomana vaBhiriha navanakomana vaZiripa, vakadzi vababa vake, uye akauya namashoko akaipa kuna baba vavo pamusoro pavo.

3 Zvino Israeri akanga achida Josefa kupfuura vamwe vavanakomana vake, nokuti akanga aberekwa panguva youtana hwake; uye akamuitira
nguo yakaisvonaka. 4 Madzikoma ake akati aona kuti baba vavo vaimuda

kupfuura ani zvake pakati pavo, vakamuvenga uye vakasagona kutaura naye mashoko akanaka.

5 Josefa akarota hope, uye paakaudza madzikoma ake izvozvo,
vakanyanya kumuvenga. 6 Akati kwavari, "Inzwai hope dzandakarota
idzi: 7 Takanga tichisunga zvisote zvezviyo kumunda onei pakarepo chisote changu chakasimuka chikamira chakati twi, asi zvisote zvenyu zvakaungana zvakapoteredza changu uye zvikakotama kwachiri."

8 Madzikoma ake akati kwaari, "Ko, iwe unoda kutitonga here? Ko, zvirokwazvo uchatitonga here iwe?" Uye vakanyanyisa kumuvenga nokuda kwokurota kwake uye nokuda kwezvaakanga ataura.

9 Ipapo akarotazve dzimwe hope, uye akadzitaura kumadzikoma ake. Akati, "Inzwai, ndarota dzimwe hope, uye panguva iyi zuva nomwedzi nenyeredzi gumi neimwe zvanga zvichindipfugamira."

10 Paakaudza baba vake pamwe chete namadzikoma ake, baba vake vakamutsiura vakati, "Kurotai kwawakaita uku? Ko, mai vako neni namadzikoma ako tichauya kuzokupfugamira here iwe zvirokwazvo?"
11 Madzikoma ake akamuitira godo, asi baba vake vakazvichengeta mumwoyo mavo.

### *Josefa anotengeswa naMadzikoma Ake*

12 Zvino madzikoma ake akanga abuda kundofudza makwai ababa
vavo pedyo neShekemu, 13 uye Israeri akati kuna Josefa, "Sezvaunoziva, madzikoma ako ari kufudza makwai pedyo neShekemu. Uya, ndikutume kwavari."

Iye akati, "Zvakanaka."

14 Saka akati kwaari, "Enda undoona kana zvinhu zvakanaka kumadzikoma ako nezvipfuwo, ugodzoka kwandiri neshoko." Ipapo akamutuma achibva napaMupata weHebhuroni.

Josefa akati asvika kuShekemu, 15 mumwe murume akamuwana achidzungaira musango akamubvunza akati, "Uri kutsvakeiko?"

16 Akapindura akati, "Ndiri kutsvaka madzikoma angu. Mungandiudzawo kwavanofudzira makwai avo here?"

17 Murume uya akati, "Vabva pano, ndavanzwa vachiti, 'Ngatiendei kuDhotani.' "

Saka Josefa akatevera madzikoma ake akandovawana pedyo neDhotani.
18 Asi vakamuona achiri kure, asati asvika kwavari, vakarangana kumuuraya.

19 Vakataurirana vachiti, "Hoyo muroti uya ouya! 20 Uyai zvino
timuuraye tigomukanda mune rimwe ramatsime aya tigoti akadyiwa nechikara. Ipapo tichazoona zvinobva pakurota kwake."

21 Rubheni akati anzwa izvi, akaedza kumununura kubva mumaoko
avo. Akati, "Ngatiregei kumuuraya. 22 Regai kuteura ropa. Mukandei mutsime iri muno mugwenga, asi regai kutambanudza maoko enyu paari." Rubheni akareva izvozvi kuti amununure kwavari uye kuti agomudzosera kuna baba vake.

23 Saka Josefa akati asvika kumadzikoma ake, vakamubvisa nguo yake, iyo nguo iya yakanga yakaisvonaka, yaiva nemavara-mavara yaakanga
akapfeka, 24 uye vakamutora vakamukanda mutsime. Zvino tsime rakanga rapwa risina mvura.

25 Pavakagarara kuti vadye zvokudya zvavo, vakasimudza meso avo vakaona ngoro dzavaIshumaeri dzichibva kuGireadhi. Ngamera dzavo

dzakanga dzakatakura zvinonhuhwira, bharimu nemura, uye vakanga vachienda nazvo kuIjipiti.
26 Judha akati kuhama dzake, "Tichawaneiko kana tikauraya mu-
nun'una wedu tikafushira ropa rake? 27 Uyai, ngatimutengesei ku-
vaIshumaeri ava tirege kutambanudza maoko edu paari; pamusoro pezvo iye munun'una wedu, nyama yedu neropa redu." Madzikoma ake akatenderana.
28 Saka vashambadziri veMidhiani vakati vasvika, madzikoma ake akabudisa Josefa kubva mutsime vakamutengesa kuvaIshumaeri namashekeri makumi maviri* esirivha, ivo vakaenda naye kuIjipiti.
29 Rubheni paakadzokera kutsime uye akawana Josefa asisimo akab-
varura nguo dzake. 30 Akadzokerazve kuvanun'una vake akati, "Mukomana haasisimo! Zvino ndichaendepiko?"
31 Ipapo vakatora nguo yaJosefa, vakauraya mbudzi ndokunyika nguo
iya muropa. 32 Vakatora nguo iya yakaisvonaka vakaenda nayo kuna baba vavo vakati, "Takanonga ichi. Cherechedzai muone kana ingava nguo yomwanakomana wenyu here."
33 Akaiziva akati, "Inguo yomwanakomana wangu! Zvimwe zvikara zvesango zvamudya. Zvirokwazvo Josefa akabvamburwa-bvamburwa."
34 Ipapo Jakobho akabvarura nguo dzake, akapfeka nguo dzamasaga
akachema mwanakomana wake kwamazuva mazhinji. 35 Vanakomana vake navanasikana vake vose vakauya kuzomunyaradza, asi akaramba kunyaradzwa. Akati, "Kwete, ndichaburuka kuguva ndichichema mwanakomana wangu." Saka baba vake vakamuchema.
36 Zvichakadaro, vaMidhiani vakatengesa Josefa muIjipiti kuna Potifa mumwe wavabati vaFaro, mukuru wavarindi.

# 38

*Judha naTamari*

1 Panguva iyoyo, Judha akabva kuhama dzake akaburuka akandogara
nomurume wokuAdhurama ainzi Hira. 2 Ikoko Judha akasangana
nomwanasikana womumwe murume muKenani ainzi Shua. Akamuwana
uye akavata naye; 3 akava nemimba akabereka mwanakomana, zita
rake rainzi Eri. 4 Akaitazve imwe mimba akabereka mwanakomana uye
akamutumidza zita rokuti Onani. 5 Akabereka mumwezve mwanakomana akamutumidza zita rokuti Shera. Akamuberekera kuKezibhi.
6 Judha akatorera dangwe rake Eri mukadzi, uye zita rake ainzi Tamari.
7 Asi Eri, dangwe raJudha, akanga akaipa pamberi paJehovha, saka Jehovha akamuuraya.
8 Ipapo Judha akati kuna Onani, "Vata nomukadzi womukoma wako uye umuitire zvawakafanira kuita kwaari somunun'una, kuti uberekere
mukoma wako vana." 9 Asi Onani akaziva kuti vana havaizova vake; saka pose paaivata nomukadzi womukoma wake, aiteurira mbeu pasi kuti
arege kuberekera mukoma wake vana. 10 Zvaakaita zvakanga zvakaipa pamberi paJehovha; saka akamuurayawo.
11 Ipapo Judha akati kuna Tamari mukadzi womwana wake, "Gara hako uri chirikadzi mumba mababa vako kusvikira mwanakomana wangu Shera akura." Nokuti akafunga kuti, "Naiye angafawo, sezvakaita madzikoma ake." Saka Tamari akaenda akandogara mumba mababa vake.

* **37:28** 37:28 0.2 yekirogiramu

12 Shure kwenguva refu mukadzi waJudha, mwanasikana waShua,
akafa. Judha akati anyaradzwa kubva pakuchema kwake, akakwidza
akaenda kuTimina kuvarume vakanga vachiveura makwai, uye shamwari
yake Hira muAdhuramu akaenda naye.

13 Tamari akati audzwa kuti, “Vatezvara vako vari kuenda kuTimina kuti
vandoveura makwai avo,” 14 akabvisa nguo dzechirikadzi, akazvifukidza
nechifukidzo chokumeso kuti azvivanze, uye ipapo akagara pasi pasuo
rinopinda kuEnaimi, uri munzira inoenda kuTimina. Nokuti akaona kuti
kunyange zvazvo Shera akanga akura, haana kunge apiwa kwaari kuti ave
mukadzi wake.

15 Judha akati amuona, akafunga kuti chifeve, nokuti akanga akafukidza
uso hwake. 16 Asingazivi kuti akanga ari muroora wake, akaenda kwaari
parutivi rwenzira akati, “Uya zvino, rega ndivate newe.”

Iye akati, “Unozondipei kuti ndivate newe?”

17 Iye akati, “Ndingakupa mbudzana kubva muboka rangu rembudzi.”

Iye akati, “Ungandipa chimwe chinhu here kuti chive chitsidzo kusvikira
wazonditumira?”

18 Iye akati, “Ndingakupa chitsidzo cheiko?”

Akapindura akati, “Mhete yako yechisimbiso norutambo rwayo,
netsvimbo iri muruoko rwako.” Saka akamupa izvozvo uye akavata naye,
uye akava nemimba naye. 19 Shure kwokubva kwake ipapo akabvisa
chifukidzo ndokubva apfekazve nguo dzake dzechirikadzi.

20 Zvichakadaro, Judha akatuma shamwari yake muAdhuramu nem-
budzana iya kuitira kuti chitsidzo chake chidzoswe kwaari kubva ku-
mukadzi uya, asi haana kumuwana. 21 Akabvunza varume vaigara ikoko
akati, “Chiripiko chifeve chaigara parutivi rwenzira yeEnaimi?”

Ivo vakati, “Hapana kumbova nechifeve pano.”

22 Saka iye akadzokerazve kuna Judha akandoti, “Handina kumuwana.
Pamusoro paizvozvo, vanhu vanogara ikoko vakati, ‘Hakuna kumbova
nechifeve kuno.’ ”

23 Ipapo Judha akati, “Regai achengete zvaanazvo, kuti arege kuzova
chiseko. Zvakadaro ndanga ndamutumira mbudzana iyi, asi hauna
kugona kumuwana.”

24 Shure kwemwedzi inenge mitatu, Judha akaudzwa kuti, “Muroora
wako Tamari ane mhosva youfeve, uye nokuda kwaizvozvo ava ne-
mimba.”

Judha akati, “Mubudisei apiswe afe!”

25 Zvino paakanga achibudiswa, akatumira shoko kuna vatezvara vake
akati, “Ndine mimba yomuridzi wezvinhu izvi.” Uye akatizve, “Onai
kana mungaziva mwene wemhete yechisimbiso iyi norutambo rwayo,
netsvimbo iyi.”

26 Judha akazviziva uye akati, “Iye akarurama kupfuura ini, sezvo
ndanga ndisingadi kumupa kumwanakomana wangu Shera.” Uye haana
kuzovata naye zvakare.

27 Nguva yake yokupona yakati yasvika, mudumbu make makanga
muna vanakomana vaviri. 28 Paakanga achipona, mumwe wavo ak-
abudisa ruoko rwake; saka vanyamukuta vakatora rushinda rutsvuku
vakamusunga paruoko rwake uye vakati, “Uyu ndiye atanga kubuda.”
29 Asi akati adzosera ruoko rwake mukati, munun’una wake akabuda, uye
vakati, “Saka ndiwo mabudiro awaita nhai!” Uye akatumidzwa zita rokuti
Perezi. 30 Ipapo mukoma wake akanga ano rushinda rutsvuku paruoko
rwake, akabuda uye akatumidzwa zita rokuti Zera.

# 39

*Josefa noMukadzi waPotifa*

1 Zvino Josefa akanga atorwa akaendeswa kuIjipiti. Potifa muIjipita
uyo akanga ari mumwe wamachinda aFaro ari mukuru wavarindi,
akamutenga kuvaIshumaeri avo vakanga vamuendesa ikoko.

2 Jehovha akanga ana Josefa uye akaita kuti abudirire, uye aigara
mumba momuIjipita, tenzi wake. 3 Tenzi wake akati achiona kuti Jehovha
akanga anaye uye kuti Jehovha akamuita kuti abudirire muzvinhu zvose
zvaakanga achiita, 4 Josefa akawana nyasha pamberi pake uye akava
mubatiri wake. Potifa akamuita kuti ave mutariri weimba yake, uye
akamuita muchengeti wezvinhu zvose zvakanga zviri zvake. 5 Kubvira
panguva yaakamuisa kuti ave mutariri weimba yake nowezvinhu zvose
zvaaiva nazvo, Jehovha akaropafadza imba yomuIjipita nokuda kwa-
Josefa. Maropafadzo aJehovha akanga ari pamusoro pezvinhu zvose
zvakanga zviri zvaPotifa, zvose mumba nomumunda. 6 Saka akaisa
mumaoko aJosefa zvinhu zvose zvaakanga anazvo; Josefa ari mutariri, iye
haana kumbova nehanya nezvimwe zvinhu kunze kwezvokudya zvaaidya
bedzi.

Zvino Josefa akanga akanyatsoumbwa, akanaka, 7 uye shure kwechin-
guva mukadzi watenzi wake akatarira Josefa ndokubva ati kwaari, "Uya
uzovata neni!"

8 Asi akaramba. Akati kwaari, "Ini somutariri, tenzi wangu haana
kuva nehanya nezvinhu zvose zviri mumba make; zvose zvaanazvo,
akazviisa mumaoko angu. 9 Hamuna munhu mukuru muno mumba
kupfuura ini. Tenzi wangu havana kundinyima kana chinhu chimwe
zvacho kunze kwenyu, nokuti imi muri mukadzi wavo. Zvino ndingaitirei
chinhu chakaipa kudai uye ndichitadzira Mwari?" 10 Uye kunyange zvake
aitaura naJosefa zuva nezuva, iye akaramba kuenda panhoo naye, kana
kutombova naye.

11 Rimwe zuva akapinda mumba kuti andoita mabasa ake, uye
kwakanga kusina mumwe wavashandi vomumba aivamo. 12 Akamubata
nejasi rake uye akati, "Uya kumubhedha uzovata neni!" Asi akasiya jasi
rake muruoko rwake akamhanya ndokubuda kunze kwemba.

13 Akati aona kuti asiya jasi rake muruoko rwake uye kuti akanga abuda
kunze kwemba, 14 akadanidzira kuvashandi, akati, "Tarirai, muHebheru
uyu akauyiswa kwatiri kuti azotidadira! Apinda muno kuti azovata neni,
asi ndaridza mhere. 15 Paanzwa ndoridza mhere kuti ndibatsirwe, abva
asiya jasi rake pandiri ndokutizira kunze kwemba."

16 Akachengeta jasi rake parutivi pake kusvikira tenzi wake auya kumba.
17 Ipapo akamutaurira nyaya iyi akati, "Uya muranda wechiHebheru
wamakauyisa kwatiri akauya kwandiri kuti azondidadira. 18 Asi pandan-
goridza mhere kuti ndibatsirwe, akabva asiya jasi rake pandiri ndokutizira
kunze kwemba."

19 Tenzi wake akati anzwa nyaya yaakaudzwa nomukadzi wake achiti,
"Izvi ndizvo zvandakaitirwa nomuranda wako," akavira nehasha. 20 Tenzi
waJosefa akamutora akamuisa mutorongo, nzvimbo yaichengeterwa va-
sungwa vamambo; saka akava mutorongo. 21 Jehovha akava naJosefa;
akamunzwira tsitsi akamuitira nyasha pamberi pomutariri womutorongo.
22 Saka mutariri womutorongo akaita kuti Josefa ave mutariri wavose
vaiva vakabatwa mutorongo, uye ndiye aiona nezvose zvaiitwa imomo.

23 Mutariri wetorongo akanga asina hanya nechinhu chipi zvacho chaiva
pasi paJosefa, nokuti Jehovha akanga ana Josefa uye akaita kuti abudirire
pane zvose zvaaiita.

# 40

*Mudiri noMubiki*

1 Shure kwaizvozvo, mudiri nomubiki wamambo weIjipiti vakatadzira
tenzi wavo, mambo weIjipiti. 2 Faro akatsamwira varanda vake vaviri,
mudiri mukuru nomubiki mukuru, 3 akaita kuti vachengetwe mumba
yomukuru wavarindi, mutorongo rimwe chetero makanga makapfigirwa
Josefa. 4 Mukuru wavarindi akavatumira kuna Josefa, akavachengeta uye
vakava muchitokisi kwechinguva.

5 Vose vari vaviri vakarota hope, mudiri nomubiki wamambo weIjipiti,
avo vakanga vakabatwa vari mutorongo, vakarota usiku humwe chete-
hwo, uye kurota kumwe nokumwe kwakanga kune zvakunoreva.

6 Josefa akati auya kwavari mangwanani akatevera, akaona kuti
vakanga vakasurukirwa. 7 Saka akabvunza varanda vaFaro vakanga vari
muchitokisi naye mumba matenzi wake akati, "Seiko nhasi zviso zvenyu
zvichipunyaira kudai?"

8 Vakapindura vakati, "Tose tiri vaviri tarota hope, asi hakuna munhu
angadzidudzira."

Ipapo Josefa akati kwavari, "Ko, kududzira hakuzi kwaMwari here?
Ndiudzei kurota kwenyu."

9 Saka mudiri mukuru akataurira Josefa kurota kwake. Akati kwaari,
"Mukurota kwangu ndaona muzambiringa pamberi pangu, 10 uye mu-
muzambiringa manga mune matavi matatu. Wati uchangobuka, waita
maruva, uye masumbu awo aibva akava mazambiringa. 11 Mukombe
waFaro wanga uri muruoko rwangu, uye ndatora mazambiringa,
ndikaasvinira mumukombe waFaro uye ndikaisa mukombe muruoko
rwake."

12 Josefa akati kwavari, "Uku ndiko kududzirwa kwadzo. Matavi matatu
ndiwo mazuva matatu. 13 Mukati mamazuva matatu, Faro achasimudza
musoro wako agokudzosera pabasa rako, uye uchaisa mukombe wa-
Faro muruoko rwake, sezvawaisimboita pawakanga uri mudiri wake.
14 Asi pazvinenge zvakunakira iwe, undirangarire uye undiitirewo ngoni;
undireverere kuna Faro kuti ndigobudiswa mutorongo rino. 15 Nokuti
ndakatorwa nokumanikidzwa kubva kunyika yavaHebheru, kunyange
pano handina kuita chinhu chakafanira kuti ndipinzwe mugomba rino."

16 Mubiki mukuru akati aona kuti Josefa akanga apa dudziro yakanaka,
akati kuna Josefa, "Neniwo ndarota hope. Pamusoro pangu panga
pane matengu matatu echingwa. 17 Mudengu rapamusoro manga mune
mhando dzose dzezvinhu zvakabikwa zvaFaro, asi shiri dzanga dzichidya
kubva mudengu ranga riri pamusoro pangu."

18 Josefa akati, "Uku ndiko kududzirwa kwazvo. Matengu matatu ndiwo
mazuva matatu. 19 Mukati mamazuva matatu, Faro achasimudza musoro
wako kubva pauri agokuturika pamuti. Uye shiri dzichadya nyama yako."

20 Zvino zuva rechitatu rakanga riri zuva rokuzvarwa kwaFaro, uye
akaitira varanda vake vose mutambo. Akasimudza misoro yavaranda
vake vaiti mudiri mukuru nomubiki mukuru pamberi pavaranda vake.
21 Akadzosera mudiri mukuru pabasa rake, zvokuti akaisazve mukombe

muruoko rwaFaro, 22 asi akaturika mubiki mukuru pamuti, sezvazvakanga
zvataurwa naJosefa kwavari mukududzira kwake.

23 Kunyange zvakadaro hazvo, mudiri mukuru haana kurangarira
Josefa; akamukanganwa.

# 41

*Kurota kwaFaro*

1 Makore maviri azere akati apfuura, Faro akarota hope: Akanga amire
paRwizi Nairi. 2 Uye mhou nomwe dzakanga dzakanaka, dzakakora,
dzakabuda murwizi dzikafura pakati petsanga. 3 Shure kwadzo, dzimwe
mhou nomwe, dzakanga dzakashata uye dzakaonda, dzakabuda muna
Nairi, dzikamira parutivi rwedziya dzaiva kumahombekombe orwizi.
4 Uye mhou dziya dzakanga dzakashata, dzakaonda, dzakadya mhou dziya
dzakanga dzakanaka uye dzakakora. Ipapo Faro akapepuka.

5 Akavatazve hope uye akarota kechipiri: Hura dzezviyo nomwe dza-
kanga dzakakora uye dzakanaka, dzakanga dzichikura padzinde rimwe.
6 Shure kwadzo, dzimwe hura nomwe dzezviyo dzakabuda, dzakatetepa
uye dzakapiswa nemhepo yokumabvazuva. 7 Hura dzezviyo dzakatetepa
dzakamedza dziya nomwe dzakanga dzakakora, hura dzakanga dzizere.
Ipapo akapepuka, onei kwakanga kuri kurota.

8 Mangwanani pfungwa dzake dzakatambudzika, saka akatuma shoko
kun'anga dzose navachenjeri veIjipiti. Faro akavaudza kurota kwake, asi
hakuna munhu akagona kuzvidudzira kwaari.

9 Ipapo mudiri mukuru akati kuna Faro, "Nhasi ndinorangarira ku-
tadza kwangu. 10 Pane imwe nguva Faro akatsamwira varanda vake,
uye akandipfigira ini nomubiki mukuru mumba momukuru wavarindi.
11 Mumwe nomumwe wedu akarota hope usiku humwe chetehwo,
uye kurota kumwe nokumwe kwaiva nedudziro yako. 12 Zvino jaya
rechiHebheru rakanga rinesu, iye muranda womukuru wavarindi, taka-
muudza kurota kwedu, iye akakududzira kwatiri, achipa murume mumwe
nomumwe dudziro yehope dzake. 13 Uye zvinhu zvakaitika chaizvo
sezvaakadudzira kwatiri: Ini ndakadzoserwa pabasa rangu, uye mumwe
murume uye akasungirirwa."

14 Saka Faro akatuma vanhu kuna Josefa, uye akakurumidza kubudiswa
mugomba. Akati aveurwa musoro uye apfeka dzimwe nguo, akauya
pamberi paFaro.

15 Faro akati kuna Josefa, "Ndakarota hope, uye hakuna munhu akagona
kudzidudzira. Asi ndanzwa zvarehwa nezvako kuti paunonzwa kurota
uku, unogona kukududzira."

16 Josefa akapindura Faro akati, "Ini handigoni kuzviita, asi Mwari
achapa Faro mhinduro yaanoda."

17 Ipapo Faro akati kuna Josefa, "Mukurota kwangu, ndakanga ndimire
pamahombekombe aNairi, 18 ipapo ndikaona mhou nomwe dzichibuda
murwizi, dzakakora uye dzakanaka, uye dzikafura pakati petsanga.
19 Shure kwadzo, dzimwe mhou nomwe dzakabuda, dzine nzara uye
dzakashata uye dzakaonda. Handisati ndamboona mhou dzakaipa kudai
munyika yose yeIjipiti. 20 Mhou dzakaonda uye dzakashata dzakadya
mhou nomwe dziya dzakakora dzakanga dzatanga kuuya. 21 Asi kunyange
zvazvo dzakadzidya, hakuna munhu aigona kuona kuti dzakanga dzaita

izvozvo; dzaingoratidzika kushata sezvadzakanga dzakaita kare. Ipapo ndakapepuka.

22 "Mukurota kwangu, ndakaonawo hura nomwe dzezviyo, dzizere
uye dzakanaka, dzichikura padzinde rimwe chete. 23 Shure kwadzo
dzimwe hura nomwe dzakamera, dzakasvava, dzakaonda uye dzakapiswa
nemhepo yokumabvazuva. 24 Hura dziya dzakaonda dzakamedza dziya
hura nomwe dzakanga dzakanaka. Ndakaudza n'anga izvi, asi hakuna
akagona kunditsanangurira."

25 Ipapo Josefa akati kuna Faro, "Kurota kwaFaro ndokumwe uye
kwakafanana. Mwari akaratidza kuna Faro zvinhu zvaava kuda kuita.
26 Mhou nomwe dzakanaka ndiwo makore manomwe, uye hura nomwe
dzakanaka dzezviyo ndiwo makore manomwe amaguta; kurota uku
kumwe chete uye kwakafanana. 27 Mhou nomwe dzakaonda uye dza-
kashata dzakakwira pashure, ndiwo makore manomwe, ndizvowo nehura
nomwe dzezviyo dzisingabatsiri dzakapiswa nemhepo yokumabvazuva;
ndiwo makore manomwe enzara.

28 "Zvakangoita sezvandataura kuna Faro ndichiti: Mwari aratidza Faro
zvaava kuda kuita. 29 Makore manomwe amaguta makuru ari kuuya
munyika yose yeIjipiti, 30 asi makore manomwe enzara achaatevera.
Ipapo maguta ose omuIjipiti achakanganwikwa, uye nzara ichaparadza
nyika. 31 Maguta omunyika haachazorangarirwi, nokuti nzara inoatevera
ichava huru kwazvo. 32 Kurota uku kwapiwa kuna Faro nenzira mbiri
nokuti nyaya iyi yarongwa zvizere naMwari, uye Mwari achazviita
nokukurumidza.

33 "Zvino Faro ngaatsvake munhu anonzwisisa uye akachenjera amu-
gadze kuti ave mutariri wenyika yeIjipiti. 34 Faro ngaagadze vatariri
pamusoro penyika kuti vaunganidze chikamu chimwe chete muzvis-
hanu chezvichakohwewa muIjipiti mukati mamakore manomwe aya
amaguta. 35 Vanofanira kuunganidza zvokudya zvose zvamakore aya
akanaka ari kuuya uye vagochengeta zviyo pasi pesimba raFaro, zvi-
nofanira kuchengetwa kuti zvizove zvokudya. 36 Zvokudya izvi zvino-
fanira kuchengeterwa nyika, kuti zvigozoshandiswa panguva yamakore
manomwe enzara achauya pamusoro peIjipiti, kuitira kuti nyika irege
kuparadzwa nenzara."

37 Urongwa uhu hwakaratidza kuva hwakanaka kuna Faro nokuvaranda
vake vose. 38 Saka Faro akavabvunza akati, "Tingawana here munhu
akaita somurume uyu, munhu ane mweya waMwari maari?"

39 Ipapo Faro akati kuna Josefa, "Sezvo Mwari aita kuti izvi zvose
zvizivikanwe newe, hakuna munhu anoziva uye akachenjera sewe. 40 Iwe
uchava mutariri womuzinda wangu, navanhu vangu vose, uye vanhu
vangu vose vanofanira kuzviisa pasi pezvaunovarayira. Ndichava mukuru
kwauri pachigaro choushe chete."

### *Josefa anova Mutariri weIjipiti*

41 Saka Faro akati kuna Josefa, "Ndakugadza kuti uve mutariri wenyika
yose yeIjipiti." 42 Ipapo Faro akabvisa mhete yake pamunwe wake akaiisa
pamunwe waJosefa. Akamupfekedza nguo dzakaisvonaka uye akaisa
uketani hwegoridhe pamutsipa wake. 43 Akamuita kuti akwire pangoro
yake ari wechipiri pakutungamirira, uye vanhu vakadanidzira pamberi
pake vachiti, "Dziurai nzira!" Nokudaro akamuita mutariri weIjipiti yose.

44 Ipapo Faro akati kuna Josefa, "Ndini Faro, asi pasina shoko rawataura
iwe hakuna munhu achasimudza ruoko rwake kana rutsoka rwake

munyika yose yeIjipiti.” 45 Faro akatumidza Josefa zita rokuti Zafenati-
Panea uye akamupa Asenati mwanasikana waPotifera, muprista waOni,
kuti ave mukadzi wake. Uye Josefa akafamba munyika yose yeIjipiti.
46 Josefa akanga ava namakore makumi matatu okuberekwa paakapinda
pabasa raFaro mambo weIjipiti. Uye Josefa akabuda kubva pamberi
paFaro akafamba munyika yose yeIjipiti. 47 Panguva yamakore manomwe
amaguta, nyika yakabereka zvizhinji kwazvo. 48 Josefa akaunganidza
zvokudya zvose zvakawanikwa mumakore manomwe aya amaguta
muIjipiti akazviunganidza mumaguta. Muguta rimwe nerimwe akaisa
zvokudya zvaibva muminda yakapoteredza. 49 Josefa akaunganidza zviyo
zvakawanda kwazvo, sejecha regungwa; zvakanga zvakawanda zvokuti
haana kuzokwanisa kuzvinyora nokuti zvakanga zvisisagoni kuyerwa.
50 Makore enzara asati asvika, Josefa akanga aberekerwa vanakomana
vaviri naAsenati mwanasikana waPotifera, muprista waOni. 51 Josefa
akatumidza dangwe rake zita rokuti Manase akati, “Nokuti Mwari akaita
kuti ndikanganwe kutambudzika kwangu kwose navose veimba yababa
vangu.” 52 Mwanakomana wake wechipiri akamutumidza zita rokuti
Efuremu akati, “Nokuti Mwari akaita kuti ndive nezvibereko munyika
yokutambudzika kwangu.”
53 Makore manomwe amaguta muIjipiti akasvika pakupera, 54 uye
makore manomwe enzara akatanga, sezvazvakanga zvarehwa naJosefa.
Kwakava nenzara mune dzimwe nyika dzose, asi munyika yose yeIjipiti
maiva nezvokudya. 55 Ijipiti yose payakatanga kunzwa nzara, vanhu
vakatanga kuchemera zvokudya kuna Faro. Ipapo Faro akaudza vaIjipita
vose akati, “Endai kuna Josefa muite zvaanokuudzai.”
56 Nzara yakati yapararira munyika yose, Josefa akazarura matura
akatengesa zviyo kuvaIjipita, nokuti nzara yakanga iri huru munyika yose
yeIjipiti. 57 Uye nyika dzose dzakauya kuzotenga zviyo kuIjipiti kubva
kuna Josefa, nokuti nzara yakanga iri huru munyika dzose.

# 42

*Madzikoma aJosefa anoenda kuIjipiti*

1 Jakobho akati anzwa kuti kuIjipiti kwaiva nezviyo, akati kuvanako-
mana vake, “Seiko muchiramba makangotarisana?” 2 Akaenderera mberi
akati, “Ndanzwa kuti kuIjipiti kune zviyo. Burukai muende ikoko
mundotitengera zviyo, kuitira kuti tirarame tirege kufa.”
3 Ipapo madzikoma aJosefa gumi vakaburuka vakaenda kundotenga
zviyo kuIjipiti. 4 Asi Jakobho haana kuendesa Bhenjamini, munun’una
waJosefa, pamwe chete navamwe, nokuti akanga achitya kuti zvakaipa
zvaizomuwira. 5 Saka vanakomana vaIsraeri vakanga vari pakati pavaya
vakaenda kundotenga zviyo, nokuti nzara yakanga iri munyika yeKe-
naniwo.
6 Zvino Josefa akanga ari mubati wenyika; ndiye aitengesa zviyo ku-
vanhu vayo vose. Saka madzikoma aJosefa akati asvika, vakakotamira pasi
kwaari nezviso zvavo. 7 Josefa achingoona madzikoma ake, akavaziva,
asi akaita seasingavazivi uye akataura navo nehasha. Akati, “Munobvepi
imi?” Ivo vakati, “Tinobva kunyika yeKenani, tauya kuzotenga zvokudya.”
8 Kunyange zvazvo Josefa akaziva madzikoma ake, ivo havana ku-
muziva. 9 Ipapo akarangarira kurota kwake pamusoro pavo akati kwavari,
“Muri vasori imi. Mauya kuzoona nyika yedu paisina kudzivirirwa.”

10 Ivo vakapindura vakati, “Kwete, ishe wedu. Varanda venyu vauya
kuzotenga zvokudya. 11 Isu tose tiri vanakomana vomunhu mumwe.
Varanda venyu vakatendeka, havasi vasori.”

12 Iye akati kwavari, “Kwete, mauya kuzoona nyika yedu paisina
kudzivirirwa.”

13 Asi vakapindura vakati, “Varanda venyu vaiva gumi navaviri, vari
vanakomana vomunhu mumwe, anogara munyika yeKenani. Gotwe ndiye
ari kuna baba vedu iye zvino, uye mumwe haachisipo.”

14 Josefa akati kwavari, “Ndizvo chaizvo zvandataura kwamuri ndichiti:
Muri vasori imi! 15 Uye aya ndiwo maedzerwo amuchaitwa: Zvirokwazvo
noupenyu hwaFaro, hamuchabvi panzvimbo ino kunze kwokunge mu-
nun’una wenyu gotwe auya pano. 16 Tumai mumwe wenyu kuti andotora
munun’una wenyu gotwe; vamwe vose vachachengetwa mutorongo, kuti
mashoko enyu aedzwe kuti zvionekwe kana muchitaura chokwadi. Kana
zvisina kudaro, ipapo zvirokwazvo naFaro mupenyu, muri vasori!” 17 Uye
akavaisa vose mutorongo kwamazuva matatu.

18 Pazuva rechitatu, Josefa akati kwavari, “Itai izvi kuti mugorarama,
nokuti ndinotya Mwari. 19 Kana muri vanhu vakatendeka, regai mumwe
wenyu agare muno mutorongo, asi vamwe venyu vaende nezviyo kumhuri
dzenyu dziri kuziya. 20 Asi munofanira kuuya nomunun’una wenyu gotwe
kwandiri, kuitira kuti mashoko enyu asimbiswe uye kuti muregе kufa.”
Izvi vakazviita.

21 Vakataurirana vachiti, “Zvirokwazvo tava kurangwa nokuda kwomu-
nun’una wedu. Takaona kutambudzika kwaakaita paakatikumbira kuti
tirege kumuuraya, asi isu hatina kumuteerera; ndokusaka nhamo iyi
yauya pamusoro pedu.”

22 Rubheni akapindura akati, “Ko, handina kukuudzai here kuti murege
kutadzira mukomana? Asi hamuna kuda kunditeerera! Zvino tinofanira
kuzvidavirira nokuda kweropa rake.” 23 Havana kuziva kuti Josefa aigona
kuvanzwisisa, sezvo akanga achishandisa mududziri.

24 Akabva pavari akatanga kuchema, asi pakarepo akadzoka kwavari
akatauriranazve navo. Akaita kuti Simeoni atorwe kubva pakati pavo uye
kuti asungwe vakatarisa.

25 Josefa akarayira kuti masaga avo azadzwe nezviyo, vaise mari
yomumwe nomumwe musaga rake, uye kuti vapiwe mbuva yorwendo
rwavo. Shure kwokuitirwa kwavo izvi, 26 vakatakudza mbongoro dzavo
zviyo vakaenda.

27 Panzvimbo yavakavata usiku, mumwe wavo akazarura saga rake kuti
atorere mbongoro yake zvokudya, akaona mari yake pamuromo wesaga
rake. 28 Akati kuna vamwe vake, “Mari yangu yadzoserwa. Heyi iri
musaga rangu.” Mwoyo yavo yakati rukutu vakatarisana vachidedera,
uye vakati, “Chiiko ichi chataitirwa naMwari?”

29 Pavakasvika kuna baba vavo Jakobho munyika yeKenani, vaka-
muudza zvakanga zvaitika kwavari. Vakati, 30 “Murume anova ndiye
ishe pamusoro penyika iyo akataura nesu nehasha uye akatiita sokunge
taiva vasori munyika. 31 Asi takati kwaari, ‘Tiri vanhu vakatendeka; hatisi
vasori. 32 Takanga tiri vanakomana gumi navaviri vababa vamwe chete.
Mumwe haachipo, uye gotwe ndiye ana baba vedu zvino kuKenani.’ ”

33 “Ipapo murume anova ndiye ishe panyika iyo akati kwatiri, ‘Hechi
chinhu chichandizivisa kana muri vanhu vakatendeka: Siyai mumwe
wenyu neni pano, mugotakura zvokudya zvemhuri dzenyu dziri kuziya

muende. 34 Asi muuye nomunun'una wenyu gotwe kwandiri kuitira kuti
ndigoziva kuti hamusi vasori, asi kuti muri vanhu vakatendeka. Ipapo
ndichadzosera mumwe wenyu kwamuri, uye mungazotenga henyu muno
munyika.' "

35 Pavakanga vachidurura masaga avo, wanei musaga romumwe
nomumwe wavo makanga mune homwe yake yesirivha! Ivo nababa
vavo pavakaona mari muhomwe, vakatya. 36 Baba vavo Jakobho vakati,
"Mandipedzera vana vangu. Josefa haasisipo naSimeoni haasisipo, uye
zvino munoda kutora Bhenjamini. Zvinhu zvose zviri kundimukira!"

37 Ipapo Rubheni akati kuna baba vake, "Mungauraya henyu vanako-
mana vangu vaviri ava kana ndisina kudzoka naye kwamuri. Muisei
mumaoko angu, ndichadzoka naye."

38 Asi Jakobho akati, "Mwanakomana wangu haangaburuki nemi kuti
aende ikoko; mukoma wake akafa uye ndiye chete asara. Kana
zvakaipa zvikamuwira parwendo rwamuri kufamba, muchaburutsira
musoro wangu wachena muguva mukusuwa."

# 43

### *Rwendo rwechipiri rwokuenda kuIjipiti*

1 Zvino nzara yakanga ichakanyanya munyika. 2 Saka vakati vadya
zviyo zvose zvavakanga vabva nazvo kuIjipiti, baba vavo vakati kwavari,
"Dzokerai mundotitengera zvimwe zvokudya."

3 Asi Judha akati kwavari, "Murume uya akatiyambira kwazvo akati,
'Hamungazooni chiso changuzve kunze kwokunge munun'una wenyu
auya nemi.' 4 Kana mukaendesa munun'una wedu nesu, tichaenda
kundokutengerai zvokudya. 5 Asi kana mukasamuendesa, hatingaton-
goendi, nokuti murume uya akati, 'Hamungazooni chiso changuzve kunze
kwokunge munun'una wenyu auya nemi.' "

6 Israeri akabvunza akati, "Seiko makauyisa dambudziko iri pamusoro
pangu zvamakaudza murume uyu kuti muno mumwe munun'una?"

7 Ivo vakapindura vakati, "Murume uyu akatibvunzisisa kwazvo
nezvedu uye nezvemhuri yedu. Akati, 'Baba venyu vachiri vapenyu
here? Muno mumwe munun'una here?' Takangopindura mubvunzo wake
zvakanaka. Ko, taiziva sei kuti aizoti, 'Uyai nomunun'una wenyu kuno?' "

8 Ipapo Judha akati kuna Israeri baba vake, "Tumai mukomana pamwe
chete neni tibve taenda izvozvi, kuitira kuti isu nemi navana vedu
tirarame uye tirege kufa. 9 Ini pachangu ndichava rubatso rwokuchenget-
edzeka kwake; musiyei muruoko rwangu pachangu. Kana ndikasadzoka
naye kwamuri ndikamumisa pamberi penyu, ini ndichava nemhosva
pamberi penyu muupenyu hwangu hwose. 10 Izvozvi dai tisina kunonoka,
tingadai takatoenda uye takatodzoka kaviri kwose."

11 Ipapo baba vavo Israeri vakati kwavari, "Kana zvakadaro, itai izvi
zvino: Isai zvimwe zvibereko zvemichero yenyika ino zvakaisvonaka
mumasaga enyu uye mugoenda nazvo sezvipo kumurume uyo, bharimu
shoma shoma, nouchi hushoma shoma, zvinonhuhwira nemura, nzungu
dzomupistakio namaarimondi. 12 Mutakure mari yakapetwa kaviri, nokuti
munofanira kudzorera mari yakanga yadzoserwa pamiromo yamasaga
enyu. Zvichida kwaiva kukanganisa. 13 Toraiwo munun'una wenyu
mudzokere izvozvi kumunhu uyo. 14 Uye Mwari Wamasimba Ose
ngaakunzwirei ngoni pamberi pomunhu uyo kuitira kuti asunungure

mumwe munun'una wenyu naBhenjamini uye vagodzokazve nemi. Kana
ndirini, kana ndafirwa navana vangu, ndafirwa hangu."

15 Saka varume vakatora zvipo nemari yakapetwa kaviri, naBhen-
jaminiwo. Vakakurumidza kuburuka kuIjipiti vakandozviratidza kuna
Josefa. 16 Josefa akati achiona Bhenjamini anavo, akati kuvatariri veimba
yake, "Torai varume ava muende navo kumba kwangu, muuraye chipfuwo
mugogadzira zvokudya; vanofanira kudya neni masikati ano."

17 Varume vakaita sezvavakanga vaudzwa naJosefa vakabva vatora
varume vaya vakaenda navo kumba kwaJosefa. 18 Zvino varume vaya
vakatya pavakatorwa vakaendwa navo kumba kwake. Vakafunga vakati,
"Tauyiswa muno nokuda kwemari iya yakadzoserwa mumasaga edu
panguva yokutanga. Anoda kutirwisa, agotikunda, agotisunga senhapwa
uye agotora mbongoro dzedu."

19 Saka vakaenda kumutariri waJosefa vakandotaura naye pamukova
wokupinda mumba make. 20 Vakati kwaari, "Tapota ishe, takauya kuno
panguva yokutanga kuti tizotenga zvokudya. 21 Asi patakamira pane imwe
nzvimbo usiku, takazarura masaga edu uye mumwe nomumwe wedu
akawana mari yake iri pamuromo wesaga, iyo mari yacho yose zvayo.
Saka tadzoka nayo. 22 Tauyawo neimwe mari yokuti tizotenga zvokudya.
Hatizivi akaisa mari yedu mumasaga edu."

23 Iye akati, "Zvakanakai. Musatya henyu Mwari wenyu, iye Mwari
wababa venyu, ndiye akakupai pfuma mumasaga enyu, ini ndakaga-
muchira mari yenyu." Ipapo akabudisa Simeoni akamuuyisa kwavari.

24 Mutariri uya akauyisa varume vaya mumba maJosefa, akavapa
mvura kuti vashambe tsoka dzavo uye akapa mbongoro dzavo zvokudya.
25 Vakagadzira zvipo zvokupa Josefa pakusvika kwake masikati, nokuti
vakanga vanzwa kuti vachandodya ikoko.

26 Josefa akati auya kumba, ivo vakamupa zvipo zvavakanga vapinda
nazvo mumba, uye vakakotamira pasi kwaari. 27 Akavabvunza mufaro,
uye akati, "Vakadii baba venyu, mutana, vamakandiudza nezvavo?
Vachiri vapenyu here?"

28 Vakapindura vakati, "Muranda wenyu, ivo baba vedu vachiri vapenyu
uye vanofara." Uye vakakotama pasi kuti vamuremekedze.

29 Paakatarisa-tarisa akaona munun'una wake Bhenjamini, mwanako-
mana wamai vake chaiye, akabvunza akati, "Uyu ndiye munun'una
wenyu gotwe, wamakandiudza nezvake here?" Uye akati, "Mwari
akuitire nyasha, mwanakomana wangu." 30 Adumbirwa pakuona kwake
munun'una wake, Josefa akakurumidza kubuda uye akatsvaka nzvimbo
paangachema ari. Akapinda muimba yake yomukati akandochema ari
imomo.

31 Shure kwokushamba uso hwake, akabuda uye akazvidzora, akati
"Pakurai zvokudya."

32 Vakamupakurira ari oga, madzikoma vari voga, uye vaIjipita vaidya
naye vari voga, nokuti vaIjipita vakanga vasingagoni kudya pamwe
chete navaHebheru, nokuti zvinonyangadza kuvaIjipita. 33 Varume
vakanga vakagariswa pamberi pake zvaienderana namazera avo, kubva
kudangwe kusvikira kugotwe; uye vakatarisana zvikavakatyamadza.
34 Pavakagoverwa migove kubva patafura yaJosefa, mugove waBhen-
jamini wakanga wakawanda kashanu kupinda ani zvake pakati pavo.
Saka vakadya nokunwa naye vakasununguka.

# 44

*Mukombe weSirivha muSaga*

1 Zvino Josefa akarayira mutariri weimba yake achiti, “Zadza masaga
avarume ava nezvokudya zvakawanda zvavanokwanisa kutakura, uye
uise mari yomumwe nomumwe mumuromo wesaga. 2 Ipapo ugoisa
mukombe wangu, iwo wesirivha, mumuromo wesaga remuduku kuna
vose, pamwe chete nemari yezviyo zvake.” Uye akaita sezvaakanga
audzwa naJosefa.

3 Kwakati kuchiedza, varume vaya vakaendeswa panzira yavo pamwe
chete nembongoro dzavo. 4 Vakanga vasati vava kure neguta Josefa
paakati kumutariri wake, “Tevera varume vaya izvozvi, uye paunovabata,
uti kwavari, ‘Seiko matsiva chakanaka nechakaipa? 5 Ko, uyu hauzi
mukombe unonwira tenzi wangu uye wavanoshandisa pakuvuka here?
Chinhu chamaita ichi chakaipa.’ ”

6 Paakavabata, akadzokorora mashoko aya kwavari. 7 Asi ivo vakati
kwaari, “Seiko ishe wangu achitaura zvinhu zvakadai? Ngazvive kure
navaranda venyu kuti vaite chinhu chakadaro! 8 Takadzoka kwamuri
kubva kunyika yeKenani kunyange nemari yatakawana mumiromo ya-
masaga edu. Saka taizobireiko sirivha kana goridhe mumba matenzi
wenyu? 9 Kana mumwe upi zvake wavaranda venyu akawanikwa anayo,
ngaafe; uye isu tose tichava nhapwa dzashe wangu.”

10 Iye akati, “Zvakanaka chaizvo, ngazvive sezvamataura. Ani naani
anowanikwa anayo achava nhapwa yangu; vamwe mose hamungapiwi
mhosva.”

11 Mumwe nomumwe wavo akakurumidza kuburutsa saga rake pasi uye
akarizarura. 12 Ipapo mutariri akatanga kutsvaka, akatanga kumukuru
akapedzisira kumuduku wavose. Uye mukombe wakawanikwa musaga
raBhenjamini. 13 Ipapo, vakabvarura nguo dzavo. Ipapo vakatakudza
mbongoro dzavo uye vakadzokera kuguta.

14 Josefa akanga achiri mumba pakapinda Judha navanun’una vake,
uye vakazviwisira pasi pamberi pake. 15 Josefa akati kwavari, “Chiiko
ichi chamaita? Hamuzivi kuti munhu akaita seni anogona kuziva zvinhu
nokuvuka here?”

16 Judha akapindura akati, “Chiiko chatingataura kuna ishe wangu?
Tingataureiko? Tingazvipembedza seiko? Mwari afukura mhosva
yavaranda venyu. Zvino tava nhapwa dzashe wedu, isu pachedu naiye
awanikwa ano mukombe.”

17 Asi Josefa akati, “Ngazvive kure neni kuti ndiite chinhu chakadai!
Munhu awanikwa ano mukombe wangu chete ndiye achava nhapwa
yangu. Imi mose, dzokerai kuna baba venyu norugare.”

18 Ipapo Judha akaenda kwaari akati, “Ndapota, ishe wangu, regai
muranda wenyu ataure shoko rimwe kuna she wangu. Regai kutsamwira
muranda wenyu, kunyange hazvo makaenzana naFaro pachake. 19 Ishe
wangu akabvunza varanda vake akati, ‘Muna baba kana manun’una
here?’ 20 Uye isu takapindura tikati, ‘Tina baba vava vatana, uye
pano mukomana muduku akaberekwa pautana hwavo. Mukoma wake
akafa, uye ndiye oga asara mwanakomana wamai vake, uye baba vake
vanomuda.’

21 “Ipapo imi makati kuvaranda venyu, ‘Uyai naye kuno kwandiri kuti
ndimuone, ini pachangu.’ 22 Uye isu takati kuna she wangu, ‘Mukomana
haangasiye baba vake; kana akavasiya, baba vake vangafa.’ 23 Asi

imi makati kuvaranda venyu, 'Kunze kwokunge mauya nomunun'una
wenyu gotwe, hamungazooni chiso changu.' 24 Patakadzokera kumuranda
wenyu, baba vangu, takavaudza zvakanga zvarehwa naishe wangu.
25 "Ipapo baba vedu vakati, 'Dzokerai mundotengazve zvimwe zvokudya
zvishoma.' 26 Asi isu takati, 'Hatigoni kuenda. Tichaenda bedzi kana
munun'una wedu anesu. Hatigoni kuona chiso chomurume uyo kunze
kwokunge munun'una wedu gotwe aenda nesu.'
27 "Muranda wenyu baba vangu vakati kwatiri, 'Imi munoziva kuti
mukadzi wangu akandiberekera vanakomana vaviri. 28 Mumwe wavo ak-
abva kwandiri, uye ndikati, "Zvirokwazvo akabvamburwa-bvamburwa."
Uye handina kuzomuona kubvira ipapo. 29 Kana mukanditorera iyeyuwo
uye kana zvakaipa zvikamuwira, muchaendesa musoro wangu wachena
kuguva mukusuwa.'
30 "Saka zvino, kana mukomana akasava nesu pandinodzokera kumu-
randa wenyu, baba vangu, uye kana baba vangu, avo vakasunganidza up-
enyu hwavo kuupenyu hwomukomana, 31 vakaona kuti mukomana haapo,
vachafa. Muranda wenyu achaendesa musoro wachena wababa vedu
kuguva mukusuwa. 32 Muranda wenyu akapa rubatso rwokuchenget-
edzeka kwomukomana kuna baba vangu. Ndakati, 'Kana ndikasadzoka
naye kwamuri, ndini ndichava nemhosva pamberi penyu, baba vangu,
upenyu hwangu hwose!'
33 "Zvino, ndapota, regai henyu muranda wenyu asare kuno senhapwa
yashe wangu pachinzvimbo chomukomana, uye murege mukomana
adzokere namadzikoma ake. 34 Ndingadzokera sei kuna baba vangu kana
mukomana ndisinaye? Kwete! Musandirega ndichiona njodzi ichiuya
pamusoro pababa vangu."

# 45

*Josefa Anozvizivisa*

1 Ipapo Josefa akanga asisagoni kuzvidzora pamberi pavashandiri vake
vose, uye akadanidzira akati, "Munhu wose ngaabve pamberi pangu!"
Saka pakanga pasisina mumwe munhu pana Josefa paakazvizivisa
kuhama dzake. 2 Uye akachema zvikuru kwazvo zvokuti vaIjipita
vakamunzwa, uye veimba yaFaro vakanzwa nezvazvo.
3 Josefa akati kuhama dzake, "Ndini Josefa! Ko, baba vangu vachiri
vapenyu here?" Asi hama dzake hadzina kugona kumupindura, nokuti
vakanga vachitya pamberi pake.
4 Ipapo Josefa akati kuhama dzake, "Swederai henyu kwandiri." Vakati
vaita izvozvo, akati, "Ndini Josefa hama yenyu, wamakatengesa kuIjipiti!
5 Uye zvino, musatambudzika uye musazvitsamwira nokuda kwokuti
makanditengesa kuno, nokuti Mwari akandituma mberi kwenyu kuti
ndigoponesa upenyu hwavanhu. 6 Nokuti pava namakore maviri zvino
nzara yava munyika, uye makore mashanu ari kutevera kuchange
kusingarimwi kana kukohwewa. 7 Asi Mwari akandituma mberi kwenyu
kuti ndikuchengeterei vanosara panyika uye kuti ndiponese upenyu
hwenyu nokusunungurwa kukuru.
8 "Saka zvino, hamusimi makandituma kuno, asi Mwari. Akandiita
baba kuna Faro, ishe weimba yake yose nomutongi weIjipiti yose.
9 Zvino kurumidzai mudzokere kuna baba vangu mundoti kwavari,
'Zvanzi nomwanakomana wenyu Josefa: Mwari akandiita ishe weIjip-
iti yose. Burukai muuye kwandiri; musanonoka. 10 Muchandogara

munyika yeGosheni muve pedyo neni, imi, vana venyu navazukuru
venyu, zvipfuwo zvenyu nemombe dzenyu nezvose zvamunazvo.
11 Ndichakuriritirai ikoko, nokuti mamwe makore mashanu enzara ari ku-
uya. Kana zvikasadaro imi neveimba yenyu navose vamunavo mungazova
varombo.'

12 "Muri kuzvionera pachenyu, uye kana munun'una wangu uyu
Bhenjamini, kuti ndini chaiye ari kutaura nemi. 13 Muudze baba vangu
pamusoro pokukudzwa kwangu muIjipiti uye napamusoro pezvinhu zvose
zvamaona. Uye muuye nababa vangu kuno nokukurumidza."

14 Ipapo akawira pamutsipa womunun'una wake Bhenjamini akachema,
uye Bhenjamini akamumbundikirawo achichema. 15 Uye akatsvoda
madzikoma ake ose uye akachema pamusoro pavo. Shure kwaizvozvo,
madzikoma ake akataura naye.

16 Shoko rakati rasvika kumuzinda waFaro kuti madzikoma aJosefa
akanga auya, Faro namachinda ake ose vakafara. 17 Faro akati kuna
Josefa, "Taurira hama dzako uti, 'Itai izvi: Takudzai zvipfuwo zvenyu
mudzokere kunyika yeKenani, 18 mundouya nababa venyu uye nemhuri
kuno kwandiri. Ndichakupai nyika yakaisvonaka yeIjipiti uye mugofara
nezvakakora zvenyika.'

19 "Iwe unorayirwawo kuti uvaudze kuti, 'Itai izvi: Torerai vana
navakadzi venyu dzimwe ngoro dzinobva muIjipiti uye mundotora baba
venyu mugodzoka. 20 Musafunganya henyu nezvenhumbi dzenyu, nokuti
zvakaisvonaka zvose zveIjipiti zvichava zvenyu.' "

21 Saka vanakomana vaIsraeri vakaita saizvozvo. Josefa akavapa ngoro,
sezvakanga zvarayirwa naFaro, uye akavapawo mbuva yorwendo rwavo.

22 Akapa mumwe nomumwe wavo nguo itsva, asi akapa Bhenjamini
mazana matatu amashekeri* esirivha nenguo shanu dzokupfeka. 23 Uye
izvi ndizvo zvaakatumira kuna baba vake: Mbongoro hono gumi dzakanga
dzakatakura zvinhu zvakaisvonaka zveIjipiti, nembongoro hadzi gumi
dzakanga dzakatakura zviyo nechingwa nezvimwe zvembuva yorwendo.
24 Ipapo akaendesa hama dzake uye pavakanga voenda akati kwavari,
"Musakakakavadzana munzira!"

25 Saka vakabuda muIjipiti uye vakaenda vakandosvika kuna baba vavo
Jakobho kunyika yeKenani. 26 Uye vakati kwavari, "Josefa mupenyu!
Uye ndiye mutongi weIjipiti yose." Jakobho akati rukutu; haana
kuvatenda. 27 Asi pavakavaudza zvose zvakanga zvarehwa naJosefa
kwavari, uye paakaona ngoro dzakanga dzatumirwa kwavari naJosefa
kuti dzizovatakura, mweya wababa wavo Jakobho wakamutsiridzwa.
28 Uye Israeri akati, "Ndagutsikana! Mwana wangu Josefa achiri mupenyu.
Ndichaenda kundomuona ndisati ndafa."

# 46

*Jakobho anoenda kuIjipiti*

1 Saka Israeri akasimuka nezvose zvakanga zviri zvake, uye akati asvika
kuBheerishebha, akapa zvibayiro kuna Mwari wababa vake Isaka.

2 Uye Mwari akataura kuna Israeri muchiratidzo usiku akati, "Jakobho!
Jakobho!"

Iye akati, "Ndiri pano."

---

* **45:22** 45:22 makirogiramu angaita 3.5

3 Mwari akati, "Ndini Mwari, iye Mwari wababa vako. Usatya kuenda
kuIjipiti, nokuti ndichakuita rudzi rukuru ikoko. 4 Ndichaburuka kuIjipiti
pamwe chete newe, uye zvirokwazvo ndichakudzosazve. Uye ruoko
rwaJosefa chairwo ndirwo ruchazarira meso ako."

5 Ipapo Jakobho akabva paBheerishebha, uye vanakomana vaIsraeri
vakatora baba vavo Jakobho navana vavo navakadzi vavo vakavakwidza
mungoro dzakanga dzatumirwa naFaro kuti dzivatakure. 6 Vakaendawo
nezvipfuwo zvavo nepfuma yose yavakanga vawana muKenani, uye
Jakobho navana vake vose vakaenda kuIjipiti. 7 Akaenda pamwe chete
navanakomana vake, navazukuru vake navanasikana vake navanasikana
vavo, vana vake vose.

8 Aya ndiwo mazita avanakomana vaIsraeri (Jakobho nezvizvarwa zvake) vakaenda kuIjipiti:

Rubheni dangwe raJakobho.
9 Vanakomana vaRubheni vaiva:
Hanoki, Paru, Hezironi naKami.
10 Vanakomana vaSimeoni vaiva:
Jemueri, Jamini, Ohadhi, Jakini, Zohari naShauri, mwanakomana womukadzi muKenani.
11 Vanakomana vaRevhi vaiva:
Gerishoni, Kohati naMerari.
12 Vanakomana vaJudha vaiva:
Eri, Onani, Shera, Perezi naZera (asi Eri naOnani vakanga vafira munyika yeKenani).
Vanakomana vaPerezi:
Hezironi naHamuri.
13 Vanakomana vaIsakari vaiva:
Tora, Pua, Jashubhi naShimironi.
14 Vanakomana vaZebhuruni vaiva:
Seredhi, Eroni naJareri.
15 Ava ndivo vanakomana vakaberekerwa Jakobho naRea muPadhani Aramu, kunze kwaDhaina mwanasikana wake. Vanakomana navanasikana vake ava vakanga vari makumi matatu navatatu pamwe chete.

16 Vanakomana vaGadhi vaiva:
Zefoni, Hagi, Shuni, Ezibhoni, Eri, Arodhi naAreri.
17 Vanakomana vaAsheri vaiva:
Imina, Ishivha, Ishivhi naBheria. Hanzvadzi yavo yakanga iri Sera.
Vanakomana vaBheria vaiva:
Hebheri naMarikieri.
18 Ava ndivo vana vakaberekerwa Jakobho naZiripa, uyo akanga apiwa naRabhani kuna Rea mwanasikana wake, gumi navatanhatu pamwe chete.

19 Vanakomana vaRakeri mukadzi waJakobho vaiva:
Josefa naBhenjamini.
20 MuIjipiti, Manase naEfuremu vakaberekerwa Josefa naAsenati mwanasikana waPotifera, muprista waOni.
21 Vanakomana vaBhenjamini vaiva:

Bhera, Bhekeri, Gera, Naamani, Ehi, Roshi, Mupimi, Hupimi naAridhi.
22 Ava ndivo vakanga vari vanakomana vaRakeri vakanga
vaberekerwa Jakobho, gumi navana pamwe chete.

23 Mwanakomana waDhani aiva:
Hushimi.
24 Vanakomana vaNafutari vaiva:
Jazieri, Guni, Jezeri naShiremi.
25 Ava ndivo vanakomana vakaberekerwa Jakobho naBhiriha, uya
akapiwa naRabhani kuna Rakeri mwanasikana wake, vanomwe
pamwe chete.

26 Vose vakaenda naJakobho kuIjipiti, vaya vakanga vari
zvizvarwa zvake chaizvo, tisingaverengi vakadzi vavanako-
mana vake, vaiva vanhu makumi matanhatu navatanhatu
pakuwanda. 27 Pamwe chete navanakomana vaviri vakaberek-
erwa Josefa muIjipiti, vose vemhuri yaJakobho, avo vakaenda
kuIjipiti, vakanga vari makumi manomwe pamwe chete.

28 Zvino Jakobho akatuma Judha pamberi pake kuna Josefa kuti
aratidzwe nzira yokuenda nayo kuGosheni. Vakati vasvika mudunhu
reGosheni, 29 Josefa akaita kuti ngoro yake igadzirirwe uye akaenda
kuGosheni kundosangana nababa vake Israeri. Josefa paakangosvika
pamberi pavo, akambundikira baba vake uye akachema kwenguva refu.
30 Israeri akati kuna Josefa, “Zvino ndagadzirira kufa, sezvo ndazvionera
pachangu kuti uchiri mupenyu.”
31 Ipapo Josefa akati kuhama dzake nokune veimba yababa vake, “Ini
ndichaenda kuti ndinotaura naFaro uye ndichandoti kwaari, ‘Madzikoma
angu neveimba yababa vangu, vakanga vachigara kunyika yeKenani,
vauya kwandiri. 32 Vanhu ava vafudzi; vanochengeta zvipfuwo, uye vauya
namakwai avo nemombe dzavo nezvose zvavanazvo.’ 33 Pamunodanwa
naFaro uye akakubvunzai achiti, ‘Basa renyu ndereiko?’ 34 imi muno-
fanira kupindura muchiti, ‘Varanda venyu vaiva vachengeti vezvip-
fuwo kubvira pauduku hwavo, sezvakanga zvichiitawo madzibaba edu.’
Ipapo muchatenderwa kugara munyika yeGosheni, nokuti vafudzi vose
vanonyangadza kuvaIjipita.”

# 47

1 Josefa akaenda akandoudza Faro akati, “Baba vangu namadzikoma
angu, pamwe chete nezvipfuwo zvavo uye nemombe dzavo nezvavo
zvose, vauya vachibva kunyika yeKenani uye vava muGosheni zvino.”
2 Akasarudza vashanu pamadzikoma ake akavaendesa pamberi paFaro.
3 Faro akabvunza madzikoma aJosefa akati, “Basa renyu ndereiko?”
Ivo vakapindura Faro vakati, “Varanda venyu vafudzi, sezvakanga
zvakangoita madzibaba edu.”
4 Vakatizve kwaari, “Tauya kuzogara kuno kwechinguva, nokuti nzara
yakanyanya muKenani uye zvipfuwo zvavaranda venyu hazvisisina ma-
furo. Saka zvino, tapota regai varanda venyu vagare muGosheni.”
5 Faro akati kuna Josefa, “Baba vako namadzikoma ako vauya kwauri,
6 uye nyika yeIjipiti iri pamberi pako; garisa baba vako namadzikoma ako
panzvimbo yakanakisisa munyika ino. Ngavagare muGosheni. Uye kana

uchiziva kuti pakati pavo pane vamwe vane zvavanokwanisa kuita, uvaite
kuti vave vatariri vezvipfuwo zvangu."
7 Ipapo akapinza baba vake Jakobho akavaendesa pamberi paFaro.
Shure kwokuropafadzwa kwaFaro naJakobho, 8 Faro akavabvunza akati,
"Mava namakore manganiko?"
9 Uye Jakobho akati kuna Faro, "Makore okufamba kwangu panyika
izana namakumi matatu. Makore angu akanga ari mashoma uye akaoma,
uye haaenzani namakore okufamba kwamadzibaba angu." 10 Ipapo
Jakobho akaropafadza Faro akabva pamberi pake.
11 Saka Josefa akagarisa baba vake namadzikoma ake munyika yeIjipiti
uye akavapa nzvimbo mudunhu rakanakisisa munyika, dunhu reRa-
masesi, sokurayira kwaFaro. 12 Josefa akapa baba vake namadzikoma ake
navose veimba yababa vake zvokudya, zvakaenzana nouwandu hwavana
vavo.

### *Josefa neNzara*

13 Kunyange zvakadaro, kwakanga kusina zvokudya munyika yose
nokuti nzara yakanga iri huru, nyika yeIjipiti nenyika yeKenani dzakaziya
nokuda kwenzara. 14 Josefa akaunganidza mari yose yaiwanikwa muIjipiti
neKenani yomuripo wezviyo zvavaitenga, uye akaenda nayo kumuzinda
waFaro. 15 Mari yavanhu veIjipiti nevokuKenani yakati yapera, vanhu
veIjipiti yose vakauya kuna Josefa vakati, "Tipei zvokudya. Tofireiko
pamberi penyu? Mari yedu yapera."
16 Ipapo Josefa akati, "Uyai nezvipfuwo zvenyu. Ndichakutengeserai
zvokudya ndichitsinhanisa nezvipfuwo zvenyu, sezvo mari yenyu yapera."
17 Saka vakauya nezvipfuwo zvavo kuna Josefa, uye akavapa zvokudya
achitsinhanisa namabhiza avo, makwai nembudzi dzavo, mombe nem-
bongoro dzavo. Uye akavabudisa mugore iro nezvokudya zvokutsinhana
nezvipfuwo zvavo zvose.
18 Gore iroro rakati rapera, vakauya kwaari mugore rakatevera vakati,
"Hatingavanziri ishe wedu chokwadi chokuti sezvo mari yedu yakapera
uye zvipfuwo zvedu zvava zvenyu, hapasisina chasara chatingapa ishe
wedu kunze kwemiviri yedu nenyika yedu. 19 Tichafireiko pamberi penyu,
isu nenyika yeduwo? Titengei isu nenyika yedu titsinhane nezvokudya,
uye isu nenyika yedu tichava varanda vaFaro. Tipeiwo mbeu kuitira kuti
tirarame uye tirege kufa, uye kuti nyika irege kuparara."
20 Saka Josefa akatengera Faro nyika yose iri muIjipiti. VaIjipita
vakatengesa, mumwe nomumwe munda wake, nokuti nzara yakanga iri
huru kwazvo. Nyika yakava yaFaro, 21 uye Josefa akaita kuti vanhu vave
varanda kubva kuna mamwe magumo eIjipiti kusvikira kuna mamwe.
22 Kunyange zvakadaro hazvo, haana kutenga nyika yavaprista, nokuti
ivo vaigamuchira migove nguva dzose kubva kuna Faro uye vakanga vane
zvokudya zvakakwana kubva pamugove wavaipiwa naFaro. Ndokusaka
vasina kutengesa nyika yavo.
23 Josefa akati kuvanhu, "Zvino zvandakutengai nhasi imi nenyika yenyu
kuti muve vaFaro, heyi mbeu yokuti mudyare muminda. 24 Asi pamunoko-
hwa, mupe chikamu chimwe chete kubva muzvishanu chazvo kuna Faro.
Zvimwe zvikamu zvina kubva muzvishanu mungazvichengeta henyu
sembeu dzomuminda nezvokudya zvenyu navari mudzimba dzenyu
navana venyu."
25 Ivo vakati, "Makaponesa upenyu hwedu. Ngatiwanei hedu nyasha
pamberi penyu ishe wedu; tichava varanda kuna Faro."

26 Saka Josefa akasimbisa izvi somurayiro pamusoro penyika muIjipiti, murayiro uyu uchiri kushanda nanhasi, kuti chikamu chimwe chete kubva muzvishanu chezvibereko ndechaFaro. Nyika yavaprista bedzi ndiyo yakanga isiri yaFaro.

27 Zvino vaIsraeri vakagara muIjipiti mudunhu reGosheni. Vakawana pfuma ikoko, vakabereka vana uye vakawanda zvikuru.

28 Jakobho akagara muIjipiti kwamakore gumi namanomwe, uye
akararama kwamakore zana namakumi mana namanomwe. 29 Nguva
yokufa kwaIsraeri yakati yaswedera, akadana mwanakomana wake Josefa uye akati kwaari, "Kana ndawana nyasha pamberi pako, isa ruoko rwako pasi pechidya changu uye ugovimbisa kuti uchandinzwira ngoni
uye uchava wakatendeka. Usandiviga muIjipiti, 30 asi pandinozorora
namadzibaba angu, mundibudise muIjipiti munondiviga pavakavigwa."

Iye akati, "Ndichaita sezvamareva."

31 Ivo vakati, "Ndipikire." Ipapo Josefa akapika kwaari, uye Israeri akanamata akasendamira pamusoro wetsvimbo yake.

# 48

*Manase naEfuremu*

1 Shure kwaizvozvo Josefa akaudzwa kuti, "Baba vako vanorwara." Saka
akatora vanakomana vake vaviri Manase naEfuremu pamwe chete naye.
2 Jakobho akati audzwa kuti, "Mwanakomana wako Josefa auya," Israeri akazvisimbaradza uye akagara panhoo.

3 Jakobho akati kuna Josefa, "Mwari Wamasimba Ose akazviratidza
kwandiri paRuzi munyika yeKenani, uye akandiropafadza ipapo, 4 uye
akati kwandiri, 'Ndichakuita kuti ubereke vana uye ndichaita kuti muwande. Ndichakuita vanhu vazhinji, uye ndichakupa nyika ino kuti ive yako nokuzvizvarwa zvako nokusingaperi.'

5 "Ipapo zvino, vanakomana vako vaviri vawakaberekerwa muIjipiti ndisati ndasvika kwauri kuno vachanzi ndevangu; Efuremu naManase
vachava vangu, saRubheni naSimeoni vari vangu. 6 Vana vose vawak-
aberekerwa mumashure mavo vachava vako; munyika yavo yenhaka vac-
hazivikanwa pasi pamazita amadzikoma avo. 7 Pandakanga ndichibva ku-
Padhani, ndakasuwa nokuti Rakeri akafira munyika yeKenani patakanga tichiri munzira, nhambwe pfupi kubva kuEfurati. Saka ndakamuviga ipapo parutivi rwomugwagwa unoenda kuEfurati" (ndiro Bheterehema).

8 Israeri akati aona vanakomana vaJosefa, akabvunza akati, "Ndivanaani ava?"

9 Josefa akati kuna baba vake, "Ndivo vanakomana vandakapiwa kuno naMwari."

Ipapo Israeri akati, "Uya navo pano ndivaropafadze."

10 Zvino meso aIsraeri akanga aneta nokuda kwokukwegura, uye akanga asisagoni kuona zvakanaka. Saka Josefa akauya navanakomana vake pedyo naye, baba vake vakavatsvoda uye vakavambundikira.

11 Israeri akati kuna Josefa, "Handina kumbofunga kuti ndichaona chiso chakozve, uye zvino Mwari anditendera kuti ndione vana vakowo."

12 Ipapo Josefa akavabvisa pamabvi aIsraeri akakotama pasi nechiso
chake. 13 Uye Josefa akavatora vose vari vaviri, Efuremu kurudyi kwake akatarira kuruoko rworuboshwe rwaIsraeri, uye Manase kuruboshwe, akatarira kuruoko rworudyi rwaIsraeri, uye akavaswededza pedyo navo.

14 Asi Israeri akatambanudza ruoko rwake rworudyi akaruisa pamusoro waEfuremu, kunyange zvake akanga ari muduku, uye akachinjika maoko ake, akaisa ruoko rwake rworuboshwe pamusoro waManase, kunyange hazvo Manase akanga ari iye dangwe.

15 Ipapo akaropafadza Josefa akati,
“Mwari uyo madzibaba angu,
ivo Abhurahama naIsaka, vakafamba pamberi pake,
iye Mwari akanga ari mufudzi wangu
upenyu hwangu hwose kusvikira nhasi,
16 Mutumwa akandisunungura kubva pane zvakaipa zvose,
ngaaropafadze vakomana ava.
Ngavadanwe nezita rangu
uye namazita amadzibaba angu Abhurahama naIsaka,
uye ngavawande zvikuru
pamusoro penyika.”

17 Josefa paakaona baba vake vachiisa ruoko rwavo rworudyi pamusoro
waEfuremu haana kufadzwa nazvo; saka akabata ruoko rwababa vake
kuti arubvise pamusoro waEfuremu aruise pamusoro waManase. 18 Josefa
akati kwavari, “Kwete, baba vangu, uyu ndiye dangwe; isai ruoko rwenyu
rworudyi pamusoro wake.”

19 Asi baba vakaramba vakati, “Ndinozviziva, mwana wangu, ndi-
nozviziva. Naiyewo achava rudzi, uye naiyewo achava mukuru. Kun-
yange zvakadaro hazvo muduku achava mukuru kupfuura iye, uye
zvizvarwa zvake zvichava boka rendudzi zhinji.” 20 Akavaropafadza
pazuva iro akati,
“Muzita rako, Israeri achataura ropafadzo iyi achiti:
‘Mwari ngaakuite saEfuremu naManase.’ ”
Saka akaisa Efuremu pamberi paManase.

21 Ipapo Israeri akati kuna Josefa, “Ndava pedyo nokufa, asi Mwari
achava newe uye achakudzoserai kunyika yamadzibaba enyu. 22 Uye
kwauri, sezvo uri munhu ari pamusoro pamadzikoma ako, ndinokupa
mugove wenyika yandakatorera vaAmori nomunondo wangu uye nouta
hwangu.”

# 49

*Jakobho anoropafadza vanakomana vake*

1 Ipapo Jakobho akadana vanakomana vake akati, “Unganai kuti ndikuudzei zvichaitika kwamuri pamazuva anouya.

2 “Unganai muteerere, imi vanakomana vaJakobho;
teererai kuna baba venyu Israeri.

3 “Rubheni, iwe uri dangwe rangu,
simba rangu, chiratidzo chokutanga chesimba rangu,
unokunda mukukudzwa, unokunda musimba.
4 Unozunguzika semvura zhinji, hauchazokundizve,
nokuti wakakwira panhoo yababa vako,
panhoo yangu uye ukaisvibisa.

5 “Simeoni naRevhi mukoma nomunun’una,
minondo yavo zvombo zvokurwa.
6 Ngandirege kupinda parangano yavo,

ngandiregе kuva paungano yavo,
nokuti vakauraya vanhu mukutsamwa kwavo
uye vakagura marunda enzombe sezvavaida.
7 Kutsamwa kwavo ngakutukwe, kunotyisa zvakadai,
uye hasha dzavo, dzaiva noutsinye kudai!
Ndichavaparadzira muna Jakobho
uye ndigovatsaura muna Israeri.

8 “Judha, hama dzako dzichakurumbidza;
ruoko rwako ruchava pamitsipa yavavengi vako;
vanakomana vababa vako vachakotama kwauri.
9 Uri mwana weshumba, iwe Judha;
unodzoka kubva kune zvaunouraya, mwana wangu.
Seshumba anonyangira uye anovata pasi,
seshumbakadzi, ndiani anotsunga kumumutsa?
10 Tsvimbo youshe haingabvi kuna Judha,
uye mudonzvo womutongi pakati pamakumbo ake,
kusvikira asvika kumuridzi wawo,
uye kuteerera kwendudzi ndokwake.
11 Achasungirira mbongoro yake pamuzambiringa,
nomwana wayo padavi rakaisvonaka;
achasuka nguo dzake muwaini,
zvokufuka zvake muropa ramazambiringa.
12 Meso ake achasviba kupfuura waini,
meno ake achachena kupfuura mukaka.

13 “Zebhuruni achagara kumahombekombe egungwa
uye achava zororo rezvikepe;
muganhu wake uchasvika paSidhoni.

14 “Isakari imbongoro ine simba,
ivete pasi pakati pamatanga amakwai.
15 Paanoona nzvimbo yake yokuzorora kuti yanaka sei
uye kuti nyika yake inofadza sei,
acharerekera pfudzi rake kumutoro
uye achava mubatiri wechibharo.

16 “Dhani acharuramisira vanhu vake
somumwe wamarudzi aIsraeri.
17 Dhani achava nyoka iri parutivi pomugwagwa,
semhakure iri munzira,
inoruma chitsitsinho chebhiza
kuitira kuti mutasvi waro awire pasi neshure.

18 “Ndakamirira rusunungurko rwenyu, imi Jehovha.

19 “Gadhi acharohwa neboka ravapambi,
asi achavarova pazvitsitsinho zvavo.

20 “Zvokudya zvaAsheri zvichava zvakakora;
achauya nezvinonaka zvakafanira madzimambo.

21 “Nafutari isheche yemhembwe yakasunungurwa,
inobereka tsvana dzakaisvonaka.

22 “Josefa muzambiringa unobereka mazambiringa,
unobereka uri pedyo netsime,
matavi awo anokwira pamadziro.
23 Neshungu vapfuri vanomurwisa;
vanomupfura noruvengo.
24 Asi uta hwake hwakaramba hwakasimba,
maoko ake akasimba, akagwinya,
nokuda kworuoko rwaIye Anesimba waJakobho,
nokuda kwoMufudzi, iye Dombo raIsraeri,
25 nokuda kwaMwari wababa vako anokubatsira,
nokuda kwoWamasimba Ose anokuropafadza
namaropafadzo okumatenga kumusoro,
maropafadzo okwakadzika kuri pasi,
maropafadzo amazamu neechizvaro.
26 Maropafadzo ababa vako makuru
kupfuura maropafadzo amakomo ekare,
kupfuura zvakawanda zvezvikomo zvamakore ekare.
Zvose izvi ngazvigare pamusoro waJosefa,
pamusoro womuchinda ari pakati pehama dzake.

27 “Bhenjamini ibere rinoparadza;
mangwanani anodya nyama,
madekwana anogovera zvaapamba.”

28 Ava vose ndiwo marudzi gumi namaviri aIsraeri, uye izvi ndizvo zvakataurwa nababa vavo kwavari pavakavaropafadza, vachipa mumwe nomumwe kuropafadzwa kwakamufanira.

*Kufa kwaJakobho*

29 Ipapo akavarayira akati, “Ini ndava kuzosanganiswa navanhu vokwangu. Mundivige namadzibaba angu mubako mumunda waEfuroni
muHiti,
30 bako riri mumunda weMakapera, pedyo neMamure muKenani, rakatengwa kubva kuna Efuroni naAbhurahama senzvimbo yokuviga pamwe chete nomunda.
31 Ndipo pakavigwa Abhurahama nomukadzi wake Sara, ndipozve pakavigwa Isaka nomukadzi wake Rabheka, uye Rea akavigwa ipapo.
32 Munda nebako riri mauri zvakatengwa kubva kuvaHiti.”

33 Jakobho akati apedza kurayira vanakomana vake, akadzora tsoka dzake mumubhedha, akabudisa mweya wake akasanganiswa navanhu vokwake.

# 50

1 Josefa akazviwisira pamusoro pababa vake akachema pamusoro pavo uye akavatsvoda.
2 Ipapo Josefa akarayira varapi vaimushandira kuti vasasike baba vake Israeri. Saka varapi vakamusasika,
3 vakapedza mazuva makumi mana azere, nokuti ndiyo yakanga iri nguva yaidikanwa yokusasika mutumbi. Uye vaIjipiti vakamuchema kwamazuva makumi manomwe.

4 Mazuva okuchema akati apera, Josefa akati kune veimba yaFaro, “Kana ndawana nyasha pamberi penyu, nditaurireiwo kuna Faro. Mumuudze

kuti, 5 'Baba vangu vakaita kuti ndipike mhiko uye vakati, "Ini ndava kufa;
mundivige muguva randakazvicherera munyika yeKenani." Zvino regai
hangu ndikwidze ndinoviga baba vangu; ipapo ndigozodzoka hangu.' "
6 Faro akati, "Kwira hako undoviga baba vako, sezvo vakaita kuti upikire
kuita izvozvo."
7 Saka Josefa akakwidza kundoviga baba vake. Varanda vose vaFaro
vakamuperekedza, vanokudzwa vomumba make navose vanokudzwa
vomuIjipiti, 8 tisingaverengi vose vomumhuri yaJosefa namadzikoma
ake uye navose veimba yababa vake. Vana vavo chete namakwai
avo nemombe dzavo, ndivo vakasiyiwa muGosheni. 9 Ngoro navatasvi
vamabhiza vakaendawo naye. Rakanga riri boka guru kwazvo.
10 Vakati vasvika paburiro raAtadhi, pedyo neJorodhani, vakachema
zvikuru neshungu; uye ipapo Josefa akatara mazuva manomwe okuchema
baba vake. 11 VaKenani vaigara ikoko vakati vachiona kuchema ikoko
paburiro raAtadhi, vakati, "VaIjipita vari pakuchema kukuru." Ndokusaka
nzvimbo iyo iri pedyo neJorodhani yakatumidzwa zita rokuti Abheri
Miziraimi.
12 Saka vanakomana vaJakobho vakaita sezvaakavarayira:
13 Vakamutakura vakaenda naye kunyika yeKenani uye vakamuviga
mubako mumunda weMakapera, pedyo neMamure, rakatengwa
naAbhurahama senzvimbo yokuviga kubva kuna Efuroni muHiti, pamwe
chete nomunda wacho. 14 Shure kwokuvigwa kwababa vake, Josefa
akadzokera kuIjipiti, pamwe chete namadzikoma ake navamwe vose
vakanga vaenda naye kundoviga baba vake.

### *Josefa anosimbaradza hama dzake*

15 Madzikoma aJosefa akati aona kuti baba vavo vakanga vafa, vakati,
"Zvimwe Josefa angadaro achiri kutivenga uye akatitsiva pane zvakaipa
zvose zvatakaita kwaari?" 16 Saka vakatuma shoko kwaari vakati, "Baba
vako vakasiya varayira vasati vafa vachiti: 17 'Izvi ndizvo zvamunofanira
kutaura kuna Josefa: Ndinokumbira kuti ukanganwire madzikoma ako
zvivi zvavo nezvitadzo zvavakaita pavakakuitira zvakaipa kwazvo. Zvino
ndapota kanganwira hako zvivi zvavaranda vaMwari wababa vako.' "
Pakasvika shoko ravo kwaari, Josefa akachema.
18 Ipapo madzikoma ake akauya akazviwisira pasi pamberi pake. Vakati,
"Tiri varanda venyu."
19 Asi Josefa akati kwavari, "Musatya. Ko, ini ndiri pachinzvimbo
chaMwari here? 20 Imi makafunga kundiitira zvakaipa, asi Mwari aka-
funga kuita zvakanaka kuti apedzise zviri kuitwa iye zvino, iko kuponeswa
kwemweya mizhinji. 21 Naizvozvo zvino, musatya. Ndichakuriritirai imi
navana venyu." Akavasimbaradza uye akataura nounyoro kwavari.

### *Kufa kwaJosefa*

22 Josefa akagara muIjipiti pamwe chete nemhuri yose yababa vake.
Akararama kwamakore zana negumi, 23 uye akaona vana vaEfuremu
vorudzi rwechitatu. Uyewo vana vaMakiri mwanakomana waManase
vakaiswa pamakumbo aJosefa pavakaberekwa.
24 Ipapo Josefa akati kumadzikoma ake, "Ini ndava kuzofa. Asi zvi-
rokwazvo Mwari achakubatsirai nokukubudisai munyika muno achikuen-
desai kunyika yakavimbiswa nemhiko kuna Abhurahama, Isaka na-
Jakobho." 25 Uye Josefa akaita kuti vanakomana vaIsraeri vapike mhiko

uye akati, “Zvirokwazvo Mwari achakubatsirai, uye ipapo munofanira kutakura mapfupa angu kubva munzvimbo ino.”
26 Saka Josefa akafa ava namakore zana negumi. Uye shure kwokumusasika, akaiswa mubhokisi muIjipiti.

# EKISODHO

*VaIsraeri vanodzvinyirirwa*

1 Aya ndiwo mazita avanakomana vaIsraeri vakaenda naJakobho
kuIjipiti, mumwe nomumwe nemhuri yake:

2 Rubheni, Simeoni, Revhi naJudha;
3 Isakari, Zebhuruni naBhenjamini;
4 Dhani naNafutari;
Gadhi naAsheri.

5 Zvizvarwa zvose zvaJakobho zvakanga zviri makumi manomwe
pakuwanda; Josefa akanga atova muIjipiti.

6 Zvino Josefa nehama dzake dzose navose vezera iroro vakafa, 7 asi
vaIsraeri vakaberekana vakawanda zvikuru uye vakava vazhinji kwazvo,
zvokuti nyika yakanga yazara navo.

8 Ipapo mambo mutsva, akanga asingazivi nezvaJosefa, akatanga
kutonga muIjipiti. 9 Akati kuvanhu vake, “Tarirai, vaIsraeri vanyanya
kuwanda kwazvo. 10 Uyai tivafungire zano nokuti vangazonyanya
kuwanda uye kana hondo ikamuka, vangazobatana navavengi vedu,
vakarwa nesu vakazobva munyika.”

11 Saka vakagadza vatariri vebasa pamusoro pavo kuti vavadzvinyirire
nebasa rechibharo, uye vakavaka Pitomu neRamesesi kuti ave maguta
amatura aFaro. 12 Asi pavakanyanya kudzvinyirirwa ndipo pavakanyanya
kuwanda uye nokuparararira; saka vaIjipita vakasvika pakutya vaIsraeri
13 uye vakavashandisa zvino utsinye. 14 Vakashungurudza upenyu hwavo
nebasa rakaoma rezvidhina nedhaka uye nemhando dzose dzebasa
romuminda; vaIjipita vakavashandisa noutsinye mubasa rakaoma.

15 Mambo weIjipiti akati kuna vananyamukuta vechiHebheru vainzi Shi-
fura naPua, 16 “Pamunobatsira vakadzi vechiHebheru pakusununguka uye
mukavacherechedza vachisununguka, kana ari mukomana, mumuuraye;
kana ari musikana murege ari mupenyu.” 17 Asi, vananyamukuta vakanga
vachitya Mwari, uye havana kuita zvavakanga varayirwa namambo
weIjipiti kuti vaite; vakarega vanakomana vari vapenyu. 18 Ipapo mambo
weIjipiti akadana vananyamukuta akavabvunza achiti, “Seiko maita izvi?
Seiko marega vana vechikomana vari vapenyu?”

19 Vananyamukuta vakapindura Faro vachiti, “Vakadzi vechiHebheru
havana kufanana navakadzi veIjipiti; vane simba uye vanosununguka
vananyamukuta vasati vasvika.”

20 Saka Mwari akaitira vananyamukuta zvakanaka uye vanhu
vakawedzerwa vakava vazhinji kwazvo. 21 Uye nokuda kwokuti vananya-
mukuta vaitya Mwari, iye akavapa mhuri dzavo pachavo.

22 Ipapo Faro akarayira vanhu vose kuti, “Vanakomana vose
vanoberekwa munofanira kuvakanda murwizi Nairi, asi murege
vanasikana vose vari vapenyu.”

# 2

*Kuberekwa kwaMozisi*

1 Zvino mumwe murume weimba yaRevhi akawana mukadzi, 2 uye
mukadzi uyu akava nemimba akabereka mwanakomana. Paakaona kuti
akanga ari mwana akanaka, akamuvanza kwemwedzi mitatu. 3 Asi akati
asisagoni kumuvanza, akamutorera tswanda yenhokwe akainama netara
nenamo. Ipapo akaisa mwana imomo ndokuiisa pakati petsanga dzaiva
mumahombekombe aNairi. 4 Hanzvadzi yake yakamira iri chinhambwe
kuti ione kuti chii chaizoitika kwaari.

5 Ipapo mwanasikana waFaro akaburuka akaenda kurwizi Nairi kuti
andoshamba, uye varandakadzi vake vakanga vachifamba vachitevedza
mahombekombe. Akaona tswanda pakati petsanga ndokubva atuma
murandakadzi wake kuti andoitora. 6 Akaizarura akaona mwana. Akanga
achichema, uye akamunzwira tsitsi. Akati, "Uyu ndomumwe wavana
vavaHebheru."

7 Ipapo hanzvadzi yake yakakumbira mwanasikana waFaro ikati,
"Ndingaenda here ndikandokutorerai mumwe wavakadzi vechiHebheru
kuti azokurererai mwana?"

8 Uye mwanasikana waFaro akapindura akati, "Hongu." Uye musikana
akaenda akandotora mai vomwana. 9 Mwanasikana waFaro akati
kwavari, "Tora mwana uyu unondirererawo, uye ini ndichakupa muripo
wako." Saka mukadzi akatora mwana akamurera. 10 Mwana akati akura,
akamutora akaenda naye kumwanasikana waFaro akava mwanako-
mana wake. Akamutumidza zita rokuti Mozisi, achiti, "Ndakamutora
mumvura."

*Mozisi anotizira kuMidhiani*

11 Rimwe zuva Mozisi akura, akaenda kwakanga kuna vanhu vokwake
uye akavatarira vari pabasa ravo rakaoma. Akaona muIjipita achirova
muHebheru, mumwe wavanhu vokwake. 12 Akaringa-ringa ndokuona
kusina munhu achibva auraya muIjipita, ndokumuviga mujecha. 13 Zuva
rakatevera, akabuda akaona vaHebheru vaviri vachirwa. Akabvunza uya
akanga akanganisa akati, "Seiko uchirova mumwe wako muHebheru?"

14 Murume uya akati, "Ndianiko akakuita mubati nomutongi pamusoro
pedu? Uri kuda kundiuraya sokuuraya kwawakaita muIjipita nhai?"
Ipapo Mozisi akatya akafunga akati, "Zvandakaita zvinofanira kuva zvava
kuzivikanwa."

15 Faro akati anzwa izvi, akaedza kuuraya Mozisi, asi Mozisi akatiza
Faro akaenda kundogara kuMidhiani, uye akagara patsime. 16 Zvino
muprista weMidhiani akanga ana vanasikana vanomwe uye vakauya
kuzochera mvura yokuti vazadze midziyo yainwira zvipfuwo zvababa
vavo. 17 Vamwe vafudzi vakasvika vakavadzinga, asi Mozisi akasimuka
akavanunura uye akanwisa zvipfuwo zvavo.

18 Vasikana pavakadzokera kuna Reueri baba vavo, akavabvunza akati,
"Makurumidza seiko kudzoka nhasi?"

19 Vakapindura vakati, "Tanunurwa nomuIjipita kubva kuvafudzi. Abva
aticherera mvura uye akanwisa zvipfuwo."

20 Akabvunza vanasikana vake akati, "Aripiko? Mamusiyirei? Mudanei,
auye azodya."

21 Mozisi akabvuma kugara nomurume uyu, uyo akazopa mwanasikana
wake Zipora kuna Mozisi kuti ave mukadzi wake. 22 Zipora akabereka

mwanakomana, uye Mozisi akamutumidza zita rokuti Gerishomi, achiti,
“Ndava mueni munyika yavatorwa.”

23 Zvino makore mazhinji akati apfuura, mambo weIjipiti akafa. VaIs-
raeri vakagomera muutapwa hwavo uye vakachema, kuchemera rubatsiro
rwavo nokuda kwoutapwa hwavo kukakwira kuna Mwari. 24 Mwari
akanzwa kugomera kwavo uye akarangarira sungano yake naAbhura-
hama, naIsaka uye naJakobho. 25 Saka Mwari akatarisa pamusoro
pavaIsraeri akava nehanya navo.

# 3

*Mozisi neGwenzi Raipfuta*

1 Zvino Mozisi akanga achifudza makwai aJeturo tezvara wake, muprista
weMidhiani, uye akatungamirira makwai kurutivi rwuri kure mugwenga
akasvika kuHorebhi, gomo raMwari. 2 Ikoko, mutumwa waJehovha
akazviratidza kwaari mumarimi omoto aiva mugwenzi. Mozisi akaona
kuti kunyange zvazvo gwenzi rakanga richipfuta, rakanga risingatsvi.
3 Saka Mozisi akafunga akati, “Ndichaenda apo ndinoona chishamiso ichi,
kuti seiko gwenzi risingatsvi.”

4 Jehovha akati aona kuti akanga aendako kuti andoona, Mwari akadana
kwaari kubva mugwenzi akati, “Mozisi! Mozisi!”

Uye Mozisi akati, “Ndiri pano hangu.”

5 Mwari akati, “Usaswedera pedyo. Bvisa shangu dzako nokuti nzvimbo
yaumire itsvene.” 6 Ipapo akati, “Ndini Mwari wababa vako, Mwari
waAbhurahama, Mwari waIsaka naMwari waJakobho.” Uye Mozisi
akafukidza chiso chake, nokuti akanga achitya kutarisa Mwari.

7 Jehovha akati, “Zvirokwazvo ndaona kutambudzika kwavanhu vangu
muIjipiti. Ndanzwa kuchema kwavo nokuda kwavatariri vavo vamabasa,
uye ndinoziva kutambudzika kwavo. 8 Saka ndaburuka kuti ndivanunure
vabve muruoko rwavaIjipita uye kuti ndivabudise munyika iyo ndi-
vaise kunyika yakanaka uye yakakura, nyika inoyerera mukaka nouchi,
nzvimbo yavaKenani, vaHiti, vaAmori, vaPerezi, vaHivhi navaJebhusi.
9 Uye zvino kuchema kwavaIsraeri kwasvika kwandiri, uye ndaona
nzira yavanotambudzwa nayo navaIjipita. 10 Saka chienda, zvino, ndiri
kukutuma kuna Faro kuti undobudisa vanhu vangu vaIsraeri kubva
muIjipiti.”

11 Asi Mozisi akati kuna Mwari, “Ndini aniko ini kuti ndiende kuna Faro
kuti ndinobudisa vaIsraeri kubva muIjipiti?”

12 Uye Mwari akati, “Ndichava newe. Uye ichi chichava chiratidzo
kwauri chokuti ndini ndakutuma: Paunenge wabudisa vanhu kubva
muIjipiti, muchanamata Mwari pagomo rino.”

13 Mozisi akati kuna Mwari, “Ko, kana ndikaenda kuvaIsraeri uye
ndikanoti kwavari, ‘Mwari wamadzibaba enyu andituma kwamuri,’ uye
ivo vakandibvunza kuti, ‘Zita rake ndiani?’ ipapo ndichavaudzeiko?”

14 Mwari akati kuna Mozisi, “Ndiri Wandiri. Izvi ndizvo zvaunofanira
kutaura kuvaIsraeri: ‘Ndiri’ andituma kwamuri.”

15 Mwari akatiwo kuna Mozisi, “Uti kuvaIsraeri, ‘Jehovha, Mwari
wamadzibaba enyu, Mwari waAbhurahama, Mwari waIsaka naMwari
waJakobho andituma kwamuri.’ Iri ndiro zita rangu nokusingaperi, zita
randinofanira kurangarirwa naro kusvikira kuzvizvarwa zvose.

16 “Enda undounganidza vakuru vavaIsraeri ugoti kwavari, ‘Jehovha,
Mwari wamadzibaba enyu, Mwari waAbhurahama, Mwari waIsaka,

naMwari waJakobho, akazviratidza kwandiri uye akati, “Ndakatarira
pamusoro penyu uye ndikaona zvakanga zvichiitwa kwamuri muIjipiti.
[17] Uye ndakavimbisa kukubudisai mukutambudzika kwenyu muIjipiti
ndikuisei kunyika yavaKenani, navaHiti, vaAmori, vaPerezi, vaHivhi
navaJebhusi, nyika inoyerera mukaka nouchi.” ’

[18] “Vakuru vavaIsraeri vachakuteerera. Ipapo iwe navakuru vavaIsraeri
munofanira kuenda kuna mambo weIjipiti munoti kwaari, ‘Jehovha
Mwari wavaHebheru akasangana nesu. Regai tifambe rwendo rwa-
mazuva matatu tiende kurenje kuti tindobayira kuna Jehovha Mwari
wedu.’ [19] Asi ndinoziva kuti mambo weIjipiti haasi kuzokuten-
derai kunze kwokunge ruoko rune simba rwamumanikidza. [20] Saka
ndichatambanudza ruoko rwangu ndigorova vaIjipiti nezvishamiso zvose
zvandichaita pakati pavo. Shure kwaizvozvo achakutenderai kuenda.

[21] “Uye ndichaita kuti vaIjipita vaitire vanhu ava nyasha, zvokuti
pamunoenda hamuendi musina chinhu. [22] Mukadzi mumwe nomumwe
anofanira kukumbira muvakidzani wake nomukadzi upi zvake waagere
naye mumba make, zvishongo zvesirivha nezvegoridhe uye nguo dza-
muchapfekedza vanakomana venyu nevanasikana venyu. Uye saizvozvo
muchapamba vaIjipita.”

# 4

*Zviratidzo zvaMozisi*

[1] Mozisi akapindura akati, “Ko, kana vakasanditenda kana kunditeerera
uye vakati, ‘Jehovha haana kuzviratidza kwauri’?”

[2] Ipapo Jehovha akati kwaari, “Chiiko icho chiri muruoko rwako?”

Akapindura akati, “Itsvimbo.”

[3] Jehovha akati, “Ikande pasi.”

Mozisi akaikanda pasi ikava nyoka, uye akaitiza. [4] Ipapo Jehovha
akati kwaari, “Tambanudza ruoko ugoibata nokumuswe.” Saka Mozisi
akatambanudza ruoko ndokubata nyoka uye ikadzokera pakare pakuva
tsvimbo muruoko rwake. [5] Jehovha akati, “Izvi ndezvokuti vagotenda
kuti Jehovha, Mwari wamadzibaba avo, Mwari waAbhurahama, Mwari
waIsaka, naMwari waJakobho, azviratidza kwauri.”

[6] Ipapo Jehovha akati, “Isa ruoko rwako muchipfuva chako.” Saka
Mozisi akaisa ruoko rwake muchipfuva chake, uye paakarubudisa,
rwakanga rwachena maperembudzi, sechando.

[7] Iye akati, “Zvino chirudzorerazve muchipfuva chako,” uye
paakarubudisa, rwakanga rwavandudzwa, rwaita somuviri wake wose.

[8] Ipapo Jehovha akati, “Kana vasingakutendi kana kuteerera kuchi-
ratidzo chokutanga, vangangotendawo chechipiri. [9] Asi kana vasingatendi
zviratidzo zviviri izvi kana kukuteerera, utore mvura kubva muna Nairi
ugoidira pasi. Mvura yaunotora kubva murwizi ichava ropa pamusoro
pevhu.”

[10] Mozisi akati kuna Jehovha, “Haiwa Jehovha, handina kumbogona
kutaura, kunyange nakare, kana kubva pamataura nomuranda wenyu.
Ndinokakama pakutaura uye rurimi rwangu runononoka.”

[11] Jehovha akati kwaari, “Ndianiko akapa munhu muromo? Ndianiko
anomuita matsi kana mbeveve? Ndiani anomusvinudza kana kumuita
bofu? Handisini here, Jehovha? [12] Zvino chienda, ini ndichakubatsira
kutaura uye ndichakudzidzisa zvokutaura.”

13 Asi Mozisi akati, "Haiwa Jehovha, ndapota hangu, tumai henyu
mumwe kuti aite izvozvo."
14 Ipapo kutsamwa kwaJehovha kwakapisa pamusoro paMozisi uye
akati, "Ko, mukoma wako, Aroni muRevhi? Ndinoziva kuti anogona
kutaura zvakanaka. Ari munzira kuzokuchingamidza izvozvi, uye mwoyo
wake uchafara paachakuona. 15 Uchataura naye ugoisa mashoko mu-
muromo make; ndichakubatsirai mose uye ndichakudzidzisai zvokuita.
16 Uye achataura kuvanhu panzvimbo yako, uye zvichaita sokunge iye
ndiye muromo wako uye sokunge iwe ndiwe Mwari kwaari. 17 Asi takura
tsvimbo iyi muruoko rwako yauchaita zviratidzo nayo."

*Mozisi anodzokera kuIjipiti*

18 Ipapo Mozisi akadzokera kuna Jeturo tezvara wake akati kwaari,
"Regai ndidzokere kuvanhu vokwangu kuIjipiti kuti ndinoona kana
vachiri vapenyu."

Jeturo akati, "Enda hako, ufambe zvakanaka."

19 Zvino Jehovha akanga ati kuna Mozisi ari muMidhiani, "Dzokera kuI-
jipiti, nokuti vanhu vose vaida kukuuraya vakafa." 20 Saka Mozisi akatora
mukadzi wake navanakomana vake akavakwidza pambongoro akasimuka
akadzokera kuIjipiti. Uye akatakura tsvimbo yaMwari muruoko rwake.

21 Jehovha akati kuna Mozisi, "Paunodzokera kuIjipiti, uone kuti waita
zvishamiso zvose pamberi paFaro, ndakupa simba rokuita izvozvo. Asi
ndichaomesa mwoyo wake zvokuti haazotenderi vanhu kuenda. 22 Ipapo
uti kuna Faro, 'Zvanzi naJehovha: Israeri ndiye mwanakomana wangu
wedangwe, 23 uye ndinoti kwauri, "Rega mwanakomana wangu aende,
kuti anondinamata." Asi kana ukaramba kumutendera kuti aende,
ndichauraya mwanakomana wako wedangwe.' "

24 Ari paimba yavaeni pavakavata, Jehovha akasangana naMozisi uye
akada kumuuraya. 25 Asi Zipora akatora banga rebwe romusarasara
akacheka chikanda chapamberi chomwanakomana wake uye akabata
tsoka dzaMozisi nacho. Akati, "Zvirokwazvo uri murume weropa
kwandiri." 26 Saka Jehovha akamurega. Panguva iyoyo Zipora akati
kwaari, "Murume weropa," achireva nezvokudzingiswa.

27 Jehovha akati kuna Aroni, "Enda kurenje undosangana naMozisi."
Saka akasangana naMozisi pagomo raMwari uye akamutsvoda. 28 Ipapo
Mozisi akaudza Aroni zvinhu zvose zvaakanga atumwa naJehovha kuti
azozvitaura, uyewo pamusoro pezvishamiso zvose zvaakanga amurayira
kuti aite.

29 Mozisi naAroni vakaunganidza vakuru vose vavana vaIsraeri, 30 uye
Aroni akavaudza zvinhu zvose zvakanga zvaudzwa Mozisi naJehovha.
Akaitawo zviratidzo pamberi pavanhu, 31 vakatenda. Uye pavakanzwa
kuti Jehovha akanga ane hanya navo, uye kuti akanga aona kutambudzika
kwavo, vakakotama pasi vakanamata.

# 5

*Zvidhina Pasina Uswa*

1 Shure kwaizvozvo Mozisi naAroni vakaenda kuna Faro vakati, "Zvanzi
naJehovha, Mwari waIsraeri: 'Rega vanhu vangu vaende, kuti vanondi-
itira mutambo kurenje.' "

2 Faro akati, "Jehovha ndianiko, kuti ndigomuteerera uye ndigorega
vaIsraeri vachienda? Handimuzivi Jehovha iyeye uye handidi kurega
vaIsraeri vachienda."

3 Ipapo vakati, “Mwari wavaHebheru akasangana nesu. Zvino tiregei
tifambe rwendo rwamazuva matatu kurenje kuti tinobayira zvipiriso
kuna Jehovha Mwari wedu, kuti arege kutirova namatambudziko kana
nomunondo.”
4 Asi mambo weIjipiti akati, “Mozisi naAroni, munobvisireiko vanhu
pabasa ravo? Dzokerai kubasa renyu!” 5 Ipapo Faro akati, “Tarirai, vanhu
vawanda zvino munyika, uye muri kuvakonesa kushanda.”
6 Musi mumwe chetewo Faro akarayira vatariri vebasa navakuru vakuru
vavanhu achiti, 7 “Imi hamuchazovigiri vanhu uswa hwokuita zvidhina;
varegei vandozviunganidzira uswa pachavo. 8 Asi vanofanira kuita zvid-
hina zvakaenzana pakuwanda nezvavaisimboita kare; musazvitapudza.
Isimbe; ndokusaka vachichema vachiti, ‘Tiregei tiende kundobayira kuna
Mwari wedu.’ 9 Itai kuti basa rinyanye kuomera vanhu kuitira kuti
varambe vachishanda uye varege kuteerera kunhema.”
10 Ipapo vatariri vebasa navakuru vakuru vakabuda vakandoti kuvanhu,
“Zvanzi naFaro, ‘Handichazokupaizve uswa. 11 Endai mundozvitsvakira
uswa kana kupi zvako kwamungahuwana, asi basa renyu harita-
pudzwi kana napaduku.’ ” 12 Saka vanhu vakapararira muIjipiti yose
kundounganidza mashanga kuti vaashandise pachinzvimbo chouswa.
13 Vatariri vebasa vakaramba vachivamanikidza vachiti, “Pedzai basa
ramakatarirwa pazuva rimwe nerimwe, sezvamaiita pamaiwana uswa.”
14 Vakuru vakuru vavaIsraeri vakanga vagadzwa navatariri vebasa va-
Faro vakarohwa uye vakabvunzwa kuti, “Seiko musina kupedza basa
renyu rezvidhina zvanezuro nezvanhasi, sezvamaichiita kare pamaipuwa
uswa.”
15 Ipapo vakuru vakuru vavaIsraeri vakaenda nechichemo kuna Faro
vakati, “Seiko muchibata varanda venyu nenzira yakadai? 16 Varanda
venyu havapiwi uswa, asi tinonzi, ‘Itai zvidhina!’ Varanda venyu vari
kurohwa, asi mhosva ndeyavanhu venyu.”
17 Faro akati, “Simbe, ndizvo zvamuri imi, muri simbe! Ndokusaka
muchingoramba muchiti, ‘Tiregei tindobayira kuna Jehovha.’ 18 Zvino
chiendai kubasa. Hamuzombopiwi kana uswa, asi munofanira kuita basa
renyu rezvidhina zvakakwana.”
19 Vakuru vakuru vavaIsraeri vakaona kuti vapinda mudambudziko
pavakaudzwa kuti, “Hamufaniri kutapudza uwandu hwezvidhina zva-
makatarirwa pazuva rimwe.” 20 Pavakabva pana Faro, vakawana
Mozisi naAroni vakavamirira, 21 uye vakati, “Jehovha ngaakutarirei uye
akutongei! Matiita chinhu chinonhuhwa kuna Faro namachinda ake uye
maisa munondo muruoko rwavo kuti vatiuraye.”

### *Mwari anovimbisa rusununguko*

22 Mozisi akadzokera kuna Jehovha akati, “Haiwa Jehovha, mauyisireiko
dambudziko pamusoro pavanhu ava? Ndizvo zvamakanditumira here?
23 Kubva pandakaenda kuna Faro kuti ndinotaura muzita renyu, iye akauy-
isa dambudziko pamusoro pavanhu ava, uye imi hamuna kutongonunura
vanhu venyu napaduku.”

## 6

1 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Zvino uchaona zvandichaita kuna
Faro. Nokuda kworuoko rwangu rune simba achavaregera kuti vaende;
nokuda kworuoko rwangu rune simba achavadzinga munyika make.”

2 Mwari akatiwo kuna Mozisi, "Ndini Jehovha. 3 Ndakazviratidza kuna
Abhurahama, kuna Isaka, nokuna Jakobho saMwari Wamasimba Ose, asi
nezita rangu, Jehovha, handina kuzvizivisa kwavari. 4 Ndakasimbisawo
sungano yangu navo kuti ndivape nyika yeKenani, nyika yavakagara
savatorwa. 5 Pamusoro paizvozvo, ndanzwa kugomera kwavaIsraeri,
vakabatwa muutapwa navaIjipita, uye ndarangarira sungano yangu.

6 "Naizvozvo, uti kuvaIsraeri, 'Ndini Jehovha, uye ndichakubudisai
kubva pasi pejoko ravaIjipita. Ndichakusunungurai kuti musava nhapwa
kwavari, uye ndichakudzikinurai noruoko rwakatambanudzwa uye noku-
tonga kwamabasa makuru. 7 Ndichakutorai savanhu vangu, uye ndichava
Mwari wenyu. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha Mwari wenyu,
akakubvisai pasi pejoko ravaIjipita. 8 Uye ndichakuuyisai kunyika
yandakapika ndakasimudza ruoko kuna Abhurahama, kuna Isaka nokuna
Jakobho. Ndichaipa kwamuri senhaka yenyu. Ndini Jehovha.' "

9 Mozisi akazivisa izvi kuvaIsraeri, asi havana kumuteerera nokuda
kwokuora mwoyo kwavo uye nousungwa hune utsinye.

10 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 11 "Enda undotaurira Faro mambo
weIjipiti kuti arege vaIsraeri vabude munyika yake."

12 Asi Mozisi akati kuna Jehovha, "Kana vaIsraeri vasinganditeereri,
Faro anganditeerera seiko, sezvo ndichitaura nemiromo inokakama?"

### *Nhoroondo yemhuri yaMozisi naAroni*

13 Zvino Jehovha akataura kuna Mozisi naAroni pamusoro pavaIsraeri
napamusoro paFaro mambo weIjipiti, uye akavarayira kuti vabudise
vaIsraeri kubva muIjipiti.

14 Ava ndivo vaiva vakuru vemhuri dzavo:

Vanakomana vaRubheni mwanakomana wedangwe waIsraeri vaiva Hanoki naParu, Hezironi naKami.
Idzi ndidzo dzakanga dziri dzimba dzaRubheni.

15 Vanakomana vaSimeoni vaiva Jemueri, Jamini, Ohadhi, Jakini, Zohari naShauri mwanakomana womukadzi muKenani.
Idzi ndidzo dzaiva dzimba dzaSimeoni.

16 Aya ndiwo mazita avanakomana vaRevhi maererano nokunyorwa kwawo:
Gerishoni, Kohati naMerari.
(Revhi akararama makore zana namakumi matatu namanomwe.)
17 Vanakomana vaGerishoni, nedzimba dzavo, vaiva Ribhini naShimei.
18 Vanakomana vaKohati vaiva Amurami, Izhari, Hebhuroni naUzieri.
Kohati akararama kwamakore zana namakumi matatu namatatu.
19 Vanakomana vaMerari vaiva Mari naMushi.
Idzi ndidzo dzaiva dzimba dzaRevhi sokunyorwa kwadzo.

20 Amurami akawana hanzvadzi yababa vake Jokebhedhi, uyo akamuberekera Aroni naMozisi.
(Amurami akararama kwamakore zana namakumi matatu namanomwe.)
21 Vanakomana vaIzhari vaiva Kora, Nefegi naZikiri.
22 Vanakomana vaUzieri vaiva Mishaeri, Erizafani naSitiri.

23 Aroni akawana Erishebha mwanasikana waAminadhabhi nehanzvadzi yaNashoni, uye akamuberekera Nadhabhi naAbhihu, Ereazari naItamari.

24 Vanakomana vaKora vaiva Asiri, Erikana naAbhiasafu.
Idzi ndidzo dzaiva dzimba dzavaKora.

25 Ereazari mwanakomana waAroni akawana mumwe wavanasikana vaPutieri, uye akamuberekera Finehazi.

Ava ndivo vakanga vari vakuru vemhuri dzavaRevhi, mhuri nemhuri.

26 Ndivo vaya vanaAroni naMozisi vakanzi naJehovha, “Budisai vaIs-
raeri muIjipiti namapoka avo.” 27 Ndivo vakataura kuna Faro mambo
weIjipiti pamusoro pokubudisa vaIsraeri kubva muIjipiti. Ndivo vamwe
chetevo Mozisi naAroni.

### *Aroni anotaura akamiririra Mozisi*

28 Zvino Jehovha paakataura naMozisi muIjipiti, 29 akati kwaari, “Ndini
Jehovha. Taurira Faro mambo weIjipiti zvose zvandinokuudza.”
30 Asi Mozisi akati kuna Jehovha, “Sezvo ndichitaura nemiromo
inokakama, Faro angateerera kwandiri seiko?”

## 7

1 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi. “Tarira, ndakuita saMwari kuna
Faro, uye mukoma wako Aroni achava muprofita wako. 2 Unofanira ku-
taura zvinhu zvose zvandinokurayira, uye mukoma wako Aroni anofanira
kuudza Faro kuti arege vaIsraeri vabude munyika yake. 3 Asi ndichaomesa
mwoyo waFaro uye kunyange ndikawanza zviratidzo nezvishamiso
zvangu muIjipiti, 4 haazombokuteereri. Ipapo ndichaisa ruoko rwangu
pamusoro peIjipiti uye namabasa okutonga kukuru ndichabudisa hondo
dzangu, ivo vanhu vangu vaIsraeri. 5 Uye vaIjipita vachaziva kuti
ndini Jehovha pandichatambanudza ruoko rwangu pamusoro peIjipiti uye
ndichabudisa vaIsraeri kubva mairi.”
6 Mozisi naAroni vakaita sezvavakanga varayirwa naJehovha. 7 Mozisi
akanga ana makore makumi masere uye Aroni makumi masere namatatu
pavakataura kuna Faro.

### *Tsvimbo yaAroni inova nyoka*

8 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 9 “Faro paanoti kwamuri, ‘Itai
chiratidzo,’ ipapo uti kuna Aroni, ‘Tora tsvimbo yako uikande pasi
pamberi paFaro,’ uye ichava nyoka.”
10 Saka Mozisi naAroni vakaenda kuna Faro vakandoita
sezvavakarayirwa naJehovha. Aroni akakanda tsvimbo yake pasi pamberi
paFaro namachinda ake, uye ikava nyoka. 11 Ipapo Faro akadana varume
vakachenjera navaroyi, uye n’anga dzeIjipiti dzakaitawo zvimwe chetezvo
nouroyi hwadzo. 12 Mumwe nomumwe akakanda tsvimbo yake pasi uye
ikava nyoka. Asi tsvimbo yaAroni yakamedza tsvimbo dzavo. 13 Asi
mwoyo waFaro wakava wakaoma uye haana kuvateerera, sezvakanga
zvarehwa naJehovha.

### *Dambudziko Rokutanga: Ropa*

[14] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Mwoyo waFaro mukukutu;
haabvumi kuti vanhu vaende. [15] Enda kuna Faro mangwanani paanenge
achienda kumvura. Umire pamahombekombe aNairi kuti ugosangana
naye, uye ubate muruoko rwako tsvimbo iya yakashandurwa ikava nyoka.
[16] Ipapo uti kwaari, 'Jehovha, Mwari wavaHebheru, andituma kuti ndizoti
kwauri: Rega vanhu vangu vaende, kuitira kuti vanondinamata murenje.
Asi kusvikira zvino hauna kunditeerera.' [17] Zvanzi naJehovha: 'Uchaziva
kuti ndini Jehovha nechinhu ichi: Ndicharova mvura yeNairi netsvimbo
iri muruoko rwangu uye ichashanduka ikava ropa. [18] Hove dziri muna
Nairi dzichafa, uye rwizi ruchanhuhwa; vaIjipita havazokwanisi kunwa
mvura yarwo.' "

[19] Jehovha akati kuna Mozisi, "Taurira Aroni uti, 'Tora tsvimbo yako
uye utambanudze ruoko rwako pamusoro pemvura yeIjipiti, pamusoro
pehova pamusoro pemigero, pamusoro pamadziva uye napamusoro
pamagawa,' uye zvichashanduka zvikava ropa. Ropa richava pose pose
muIjipiti, kunyange mukati memidziyo yemiti neyamabwe."

[20] Mozisi naAroni vakaita sezvavakarayirwa naJehovha. Akasimudza
tsvimbo yake pamberi paFaro namachinda ake akarova mvura yeNairi,
mvura yose ikashanduka ikava ropa. [21] Hove dzaiva muna Nairi dzakafa,
uye rwizi rwakanhuhwa zvakaipa kwazvo zvokuti vaIjipita havana
kugona kunwa mvura yarwo. Ropa rakanga riri pose pose muIjipiti.

[22] Asi n'anga dzavaIjipita dzakaita zvimwe chetezvo nouroyi hwadzo,
mwoyo waFaro ukava mukukutu; haana kuda kuteerera Mozisi naAroni,
sezvakanga zvarehwa naJehovha. [23] Asi akadzokera mumuzinda wake,
uye haana kunyange kuzviisa mumwoyo make. [24] Uye vaIjipita vose
vakachera mujinga maNairi kuti vawane mvura yokunwa, nokuti vakanga
vasingagoni kunwa mvura yomurwizi.

### *Dambudziko Rechipiri: Matatya*

[25] Mazuva manomwe akapfuura mushure mokunge Jehovha arova Nairi.

# 8

[1] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Enda kuna Faro undoti kwaari,
'Zvanzi naJehovha: Rega vanhu vangu vaende, kuti vanondinamata.
[2] Kana ukaramba kuti vaende, ndichatambudza nyika yako yose na-
matatya. [3] Nairi ruchazara namatatya. Achakwira agopinda mu-
muzinda wako nomuimba yako yokuvata uye napamubhedha wako,
nomudzimba dzamachinda ako uye napavanhu vako uye nomuzvoto
zvako nepokukanyira chingwa. [4] Matatya achakwira pamusoro pako
napamusoro pavanhu vako napamusoro pamachinda ako ose.' "

[5] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Taurira Aroni uti, 'Tambanudza
ruoko rwako pamwe chete netsvimbo yako pamusoro pehova napamusoro
pemigero napamadziva, uye uite kuti matatya auye pamusoro penyika
yeIjipiti.' "

[6] Saka Aroni akatambanudzira ruoko rwake pamusoro pemvura yeI-
jipiti, matatya akauya akafukidza nyika. [7] Asi n'anga dzakaitawo
zvimwe chetezvo nouroyi hwadzo; vakaitawo matatya kuti auye pamusoro
penyika yeIjipiti.

[8] Faro akadana Mozisi naAroni akati, "Nyengeterai kuna Jehovha kuti
abvise matatya aya kwandiri uye nokuvanhu vangu, uye ini ndichatendera
vanhu venyu kuti vaende kundobayira zvipiriso kuna Jehovha."

9 Mozisi akati kuna Faro, “Ndinopa ruremekedzo kwamuri kuti mureve
nguva yokuti ndikunyengetererei imi navaranda venyu uye navanhu
venyu kuti imi nedzimba dzenyu mubvisirwe matatya, kuti asare muna
Nairi chete.”
10 Faro akati, “Mangwana.”
Mozisi akapindura akati, “Zvichaitika sezvamareva, kuitira kuti mu-
goziva kuti hakuna mumwe akaita saJehovha Mwari wedu. 11 Matatya
achabva kwamuri nomudzimba dzenyu, kumachinda enyu nokuvanhu
venyu; achasara muna Nairi chete.”
12 Ipapo Mozisi naAroni vakabva pana Faro, Mozisi akadana kuna
Jehovha pamusoro pamatatya aakanga auyisa kuna Faro. 13 Uye Jehovha
akaita zvakanga zvakumbirwa naMozisi. Matatya akafa mudzimba,
nomuruvazhe uye nomuminda. 14 Akaunganidzwa akaita mirwi uye nyika
yakanhuhwa nokuda kwawo. 15 Asi Faro akati aona kuti rusununguko
rwakanga rwavapo, akaomesa mwoyo wake uye akasada kuteerera Mozisi
naAroni, sezvakanga zvarehwa naJehovha.

### *Dambudziko Rechitatu: Umhutu*

16 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Taurira Aroni uti, ‘Tambanudza
tsvimbo yako ugorova guruva revhu,’ uye munyika yose yeIjipiti, guruva
richava umhutu.” 17 Vakaita izvozvo uye Aroni akati atambanudza ruoko
rwaiva netsvimbo akarova guruva umhutu hukauya pamusoro pavanhu
nezvipfuwo. Guruva rose munyika yose yeIjipiti rakava umhutu. 18 Asi
n’anga dzakakundikana, padzakaedza nouroyi hwadzo kubudisa umhutu.
19 N’anga dzakati kuna Faro, “Uyu munwe waMwari.” Asi mwoyo wa-
Faro wakava mukukutu uye haana kuda kuteerera, sezvakanga zvarehwa
naJehovha.

### *Dambudziko Rechina: Nhunzi*

20 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Muka mangwanani-ngwanani
undosangana naFaro paanenge achienda kumvura ugoti kwaari, ‘Zvanzi
naJehovha: Rega vanhu vangu vaende, kuti vanondinamata. 21 Kana
usingatenderi vanhu vangu kuti vaende, ndichatumira bute renhunzi
pamusoro pako napamusoro pamachinda ako, napamusoro pavanhu vako
uye nomudzimba dzenyu. Dzimba dzavaIjipita dzichazara nenhunzi, uye
kunyange pavhu pavamire.
22 “ ‘Asi pazuva iroro ndichatsaura nyika yeGosheni uko kunogara vanhu
vangu; hakuna bute renhunzi richawanikwa ikoko kuitira kuti ugoziva
kuti ini, Jehovha, ndiri munyika muno. 23 Ndichaita mutsauko pakati
pavanhu vangu navanhu vako. Chiratidzo ichi chichaitika mangwana.’ ”
24 Uye Jehovha akaita izvozvo. Mabute enhunzi akapinda mumuzinda
maFaro uye nomudzimba dzamachinda ake, uye muIjipiti yose, nyika
yakaparadzwa namabute enhunzi.
25 Ipapo Faro akadana Mozisi naAroni akati, “Endai mundobayira kuna
Mwari wenyu munyika muno.”
26 Asi Mozisi akati, “Hazvina kunaka kuita saizvozvo. Zvipiriso zvatin-
oda kubayira kuna Jehovha Mwari wedu zvingazonyangadza vaIjipita.
Uye kana tikapa zvibayiro zvinonyangadza pamberi pavo, havangazotitaki
namabwe here? 27 Tinofanira kufamba rwendo rwamazuva matatu kuti
tinobayira kuna Jehovha Mwari wedu murenje, sezvaakatirayira.”
28 Faro akati, “Ndichakutenderai kuenda kunobayira zvipiriso kuna
Jehovha Mwari wenyu murenje, asi hamufaniri kuenda kure kure. Zvino
chindinyengetererai.”

29 Mozisi akapindura akati, “Ndichangobva pauri, ndichanonyengetera
kuna Jehovha, uye mangwana nhunzi dzichabva pana Faro namachinda
ake uye napavanhu vake. Ivai nechokwadi chete kuti Faro haazonyenger-
izve achirambidza vanhu kuenda kundopa zvibayiro kuna Jehovha.”
30 Ipapo akabva pana Faro akandonyengetera kuna Jehovha, 31 uye
Jehovha akaita zvaakakumbirwa naMozisi. Nhunzi dzakabva pana Faro
nokumachinda ake uye nokuvanhu vake; hakuna nhunzi yakasara. 32 Asi
panguva inozve, Faro akaomesa mwoyo wake uye akaramba kutendera
vanhu kuti vaende.

# 9

### *Dambudziko Rechishanu: Hosha pakati pezvipfuwo*

1 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Enda kuna Faro undoti kwaari,
‘Zvanzi naJehovha: Mwari wavaHebheru: Rega vanhu vangu vaende,
kuti vanondinamata. 2 Kana uchiramba kuti vaende uye ukaramba
uchivadzivisa, 3 ruoko rwaJehovha ruchauyisa hosha yakaipa pakati
pezvipfuwo zvako zviri muminda napamusoro pamabhiza ako nembon-
goro dzako nengamera napamusoro pemombe dzako uye napamusoro
pamakwai nembudzi. 4 Asi Jehovha achaisa mutsauko pakati pezvipfuwo
zveIsraeri nezveIjipiti, kuitira kuti parege kuva nezvipfuwo zvavaIsraeri
zvichafa.’ ”
5 Jehovha akatsaura nguva uye akati, “Mangwana Jehovha achaita izvi
munyika.” 6 Uye chifumi chamangwana Jehovha akazviita: Zvipfuwo
zvose zvavaIjipita zvakafa, asi hapana kana chipfuwo chimwe chete
chavaIsraeri chakafa. 7 Faro akatuma vanhu kundoferefeta uye akawana
kuti pakanga pasina kunyange chipfuwo chimwe chete chavaIsraeri
chakanga chafa. Asi mwoyo wake wakanga uri mukukutu saka haana
kutendera vanhu kuenda.

### *Dambudziko Rechitanhatu: Hosha Yamamota*

8 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, “Torai tsama dzamadota
kubva pachoto mugoita kuti Mozisi aakushe mumhepo pamberi paFaro.
9 Richava guruva rakatsetseka pamusoro penyika yose yeIjipiti, uye
mamota anoputika achamera pavanhu napazvipfuwo munyika yose.”
10 Saka vakatora madota pachoto vakandomira pamberi paFaro. Mozisi
akaakusha mumhepo, mamota anoputika akamera pamusoro pavanhu
napamusoro pezvipfuwo. 11 N’anga hadzina kugona kumira pamberi
paMozisi nokuda kwamamota akanga ari pavari uye napavaIjipita vose.
12 Asi Jehovha akaomesa mwoyo waFaro uye haana kuda kuteerera kuna
Mozisi naAroni, zvakanga zvarehwa naJehovha kuna Mozisi.

### *Dambudziko Rechinomwe: Chimvuramabwe*

13 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Muka mangwanani-ngwanani un-
dosangana naFaro ugoti kwaari, ‘Zvanzi naJehovha Mwari wavaHebheru:
Rega vanhu vangu vaende, kuti vanondinamata, 14 kana zvikasadaro
nenguva ino ndichatuma matambudziko angu ose pamusoro pako na-
pamusoro pavaranda vako uye napamusoro pavanhu vako, kuti ugoziva
kuti hakuna mumwe akafanana neni munyika yose. 15 Nokuti iye zvino
ndingadai ndakatambanudza ruoko rwangu ndikakurova iwe navanhu
vako nehosha yaigona kukuparadzai panyika. 16 Asi ndakakumutsa
nokuda kwechinangwa ichi, kuti ndikuratidze simba rangu uye kuti
zita rangu riparidzwe munyika yose. 17 Iwe wakazvigadzirira kurwa

navanhu vangu uye haudi kuvatendera kuti vaende. 18 Naizvozvo, nen-
guva ino mangwana ndichatuma chimvuramabwe chakaipisisa kwazvo
chisina kumbovapo pamusoro peIjipiti, kubva pazuva rayakavambwa
kusvikira zvino. 19 Chirayira izvozvi kuti zvipfuwo zvako nezvose
zviri musango zvipinde mumatanga, nokuti chimvuramabwe chichawira
pamusoro pomunhu wose napamusoro pezvipfuwo zvisina kupfigirwa
zvichiri musango, uye zvichafa.' "

20 Machinda aFaro ayo akanga achitya shoko raJehovha akakurumidza
kupinza vatapwa vavo nezvipfuwo zvavo mukati. 21 Asi vaya vakazvidza
shoko raJehovha vakarega vatapwa vavo nezvipfuwo zviri musango.

22 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Tambanudzira ruoko rwako
kudenga kuti chimvuramabwe chiwire pamusoro peIjipiti yose, pamu-
soro pavanhu napamusoro pezvipfuwo napamusoro pezvinhu zvose
zvinomera muminda yeIjipiti." 23 Mozisi akati atambanudzira tsvimbo
yake kudenga, Jehovha akatuma kutinhira nechimvuramabwe, uye mheni
yakapenya yakananga pasi. Saka Jehovha akanayisa chimvuramabwe
pamusoro penyika yeIjipiti; 24 chimvuramabwe chakawa uye mheni
yakapenya mberi neshure. Ndiro rakava dutu rakaipisisa kwazvo mun-
yika yose yeIjipiti, kubva panguva yavakatanga kuva rudzi. 25 Munyika
yose yeIjipiti, chimvuramabwe chakarova zvinhu zvose zvakanga zviri
musango, zvose vanhu nezvipfuwo; chakarovera pasi zvose zvaimera
musango ndokuparadza miti yose. 26 Nzvimbo yachisina kunaya chete
inyika yeGosheni, uko kwaiva navaIsraeri.

27 Ipapo Faro akadana Mozisi naAroni akati, "Nguva ino ndatadza.
Jehovha ndiye akarurama asi ini navanhu vangu hatina kururama.
28 Nyengeterai kuna Jehovha, nokuti kutinhira nechimvuramabwe
zvanyanya. Ndichakutenderai kuti muende; hamuchafaniri kuramba
mugerezve muno."

29 Mozisi akapindura akati, "Pandichabuda muguta, ndichatambanudza
maoko angu ndichinyengetera kuna Jehovha. Mutinhiro uchapera uye
hakuchazovazve nechimvuramabwe, kuti ugoziva kuti nyika ndeyaJe-
hovha. 30 Asi ndinoziva kuti iwe namachinda ako hamutyi Jehovha Mwari
nazvino."

31 (Miti yeshinda nebhari zvakanga zvaparadzwa, sezvo bhari rakanga
rava nehura uye miti yava namaruva. 32 Kunyange zvakadaro gorosi
nesipereti, hazvina kuparadzwa, nokuti zvakanga zvisati zvaibva.)

33 Ipapo Mozisi akabva pana Faro akabuda muguta. Akatambanudzira
maoko ake kuna Jehovha; kutinhira nechimvuramabwe zvakamira, uye
mvura haina kuzonayazve panyika. 34 Faro akati aona kuti mvura
nechimvuramabwe uye nokutinhira zvapera, akatadzazve: Iye na-
machinda ake vakaomesa mwoyo yavo. 35 Saka mwoyo waFaro wakaoma
uye akasada kutendera vaIsraeri kuenda, sokutaura kwakanga kwaita
Jehovha kubudikidza naMozisi.

## 10

*Dambudziko Rorusere: Mhashu*

1 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Enda kuna Faro nokuti ndaomesa
mwoyo wake uye nemwoyo yamachinda ake kuitira kuti ndiite zviratidzo
zvangu izvi pakati pavo, 2 kuti mugoudza vana venyu navazukuru
venyu marangiro akaoma andakaita vaIjipita uye kuti ndakaita zviratidzo
zvangu sei pakati pavo, uye kuti imi mugoziva kuti ndini Jehovha."

[3] Saka Mozisi naAroni vakaenda kuna Faro vakandoti kwaari, "Zvanzi naJehovha: Mwari wavaHebheru, 'Uchasvika riniko uchiramba kuzvininipisa pamberi pangu? Rega vanhu vangu vaende kuti vanondinamata.
[4] Kana uchiramba kuvatendera kuenda, ini ndichauyisa mhashu munyika yako mangwana.
[5] Dzichafukidza nyika yose zvokuti pasi hapangaonekwi. Dzichadya zvishoma zvawakanga wasiyirwa shure kwechimvuramabwe, pamwe chete nemiti yose iri kumera muminda yako.
[6] Dzichazadza dzimba dzako nedzamachinda ako nedzavaIjipita vose, chinhu chisina kumboonekwa namadzibaba ako kana madzitateguru ako kubva pazuva ravakagara munyika ino kusvika zvino.' " Ipapo Mozisi akatendeuka akabva pana Faro.

[7] Machinda aFaro akati kwaari, "Munhu uyu acharamba ari musungo kwatiri kusvikira riniko? Regai vanhu vaende, kuti vagonamata Jehovha Mwari wavo. Ko, hamusi kuzviona here nazvino kuti Ijipiti yaparara?"

[8] Ipapo Mozisi naAroni vakadzoswazve kuna Faro. Iye akati, "Endai mundonamata Jehovha Mwari wenyu. Asi vachaenda ndivanaaniko?"

[9] Mozisi akapindura akati, "Tichaenda navaduku vedu uye navakuru, pamwe chete navanakomana vedu navanasikana vedu, uye namakwai edu nemombe dzedu, nokuti tinofanira kuita mutambo wokupemberera Jehovha."

[10] Faro akati, "Jehovha ngaave nemi, kana ndikakutenderai kuenda, pamwe chete navakadzi navana venyu! Zviri pachena kuti imi muri kuda kuita zvakaipa.
[11] Kwete! Varume chete ngavaende; vandonamata Jehovha, sezvo zviri izvo zvamanga muchikumbira." Ipapo Mozisi naAroni vakadzingwa pamberi paFaro.

[12] Uye Jehovha akati kuna Mozisi, "Tambanudza ruoko rwako pamusoro peIjipiti kuitira kuti mhashu dzigoita bute pamusoro dzigodya zvose zvinomera muminda, zvose zvakasiyiwa nechimvuramabwe."

[13] Saka Mozisi akatambanudza tsvimbo yake pamusoro peIjipiti, uye Jehovha akaita kuti mhepo yokumabvazuva ivhuvhute munyika zuva rose nousiku hwose. Mangwanani, mhepo yakanga yauyisa mhashu;
[14] dzakazadza Ijipiti yose uye dzikamhara munzvimbo dzose dzenyika dzakawanda zvikuru. Hakuna kutongova nedambudziko remhashu rakadai, uye harichazombovapozve.
[15] Dzakafukidza pasi pose kusvikira pasviba kuti svi-i. Dzakadya zvose zvakanga zvasara shure kwechimvuramabwe, zvinhu zvose zvaimera muminda uye michero yaiva pamiti. Hakuna chakasvibirira chakasara mumiti kana zvirimwa zvomunyika yose yeIjipiti.

[16] Faro akakurumidza kudana Mozisi naAroni akati, "Ndatadzira Jehovha Mwari wenyu uye nemi.
[17] Zvino ndiregerereizve chivi changu uye munyengetere kuna Jehovha Mwari wenyu kuti abvise kwandiri dambudziko rinouraya iri."

[18] Ipapo Mozisi akabva pana Faro akanyengetera kuna Jehovha.
[19] Uye Jehovha akashandura mhepo ikava mhepo ine simba yokumavirira ikasimudza mhashu ikadzikanda muGungwa Dzvuku. Hapana mhashu yakasara papi zvapo muIjipiti.
[20] Asi Jehovha akaomesa mwoyo waFaro, uye akasatendera vaIsraeri kuti vaende.

### *Dambudziko Repfumbamwe: Rima*

[21] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Tambanudzira ruoko rwako kudenga kuti rima ripararire pamusoro peIjipiti, rima rinonzwikwa."
[22] Saka Mozisi akatambanudzira ruoko rwake kudenga, rima guru rikafukidza

Ijipiti yose kwamazuva matatu. [23] Hapana aigona kuona mumwe munhu
papi zvapo kana kubva panzvimbo yake kwamazuva matatu. Asi vaIsraeri
vainge vane chiedza munzvimbo dzavaigara.
[24] Ipapo Faro akadana Mozisi akati, "Endai mundonamata Jehovha.
Kunyange vakadzi venyu navana vangaenda havo nemi; musiye chete
makwai enyu nemombe."
[25] Asi Mozisi akati, "Munofanira kutitendera kuti tive nezvibayiro uye
nezvipiriso zvinopiswa kuti tipe kuna Jehovha Mwari wedu. [26] Zvipfuwo
zvedu zvinofanira kuendawo nesu; hapana hwanda rinofanira kusara.
Tinofanira kuzvishandisa zvimwe zvacho mukunamata Jehovha Mwari
wedu, uye kusvikira tasvikako hatingazivi zvatingashandisa kuti tinamate
Jehovha."
[27] Asi Jehovha akaomesa mwoyo waFaro, saka haana kuda kuvatendera
kuti vaende. [28] Faro akati kuna Mozisi, "Ibvai pano! Chenjerai kuti
murege kuzoonekwazve pamberi pangu! Musi wamuchaona chiso changu
muchafa."
[29] Mozisi akapindura akati, "Sezvamareva, handichazoonekwazve pam-
beri penyu."

## 11

*Dambudziko Regumi: Rufu rwaMatangwe*

[1] Zvino Jehovha akanga ati kuna Mozisi, "Ndichauyisa rimwezve
dambudziko pamusoro paFaro napamusoro peIjipiti. Shure kwaizvozvo,
achakutenderai kubva muno, uye paanozviita, achakudzingirai kunze
zvachose. [2] Udza vanhu kuti varume navakadzi, pamwe chete, vakumbire
vavakidzani vavo zvishongo zvesirivha nezvegoridhe." [3] Jehovha akaita
kuti vanhu vawanirwe nyasha navaIjipita, uye Mozisi pachake akanga
achikudzwa zvikuru muIjipiti namachinda aFaro uye navanhu.
[4] Saka Mozisi akati, "Zvanzi naJehovha: 'Pakati pousiku ndichafamba
napakati peIjipiti. [5] Mwanakomana wose wedangwe ari muIjipiti achafa,
kubva pamwanakomana wedangwe waFaro, iye agere pachigaro choushe,
kusvikira kumwanakomana wedangwe womurandakadzi, ari paguyo
rake, namatangwe ose emombewo. [6] Pachava nokuchema kukuru
muIjipiti yose, kwakadaro hakuna kumbovapo uye hakungavepozve. [7] Asi
pakati pavaIsraeri hapana kana imbwa ichahukura munhu zvake kana
chipfuwo.' Ipapo uchaziva kuti Jehovha anoita mutsauko pakati peIjipiti
neIsraeri. [8] Machinda ako ose aya achauya kwandiri, vachipfugama
pamberi pangu vachiti, 'Chiendai, imi navanhu vose vanokuteverai!'
Shure kwaizvozvo ndichaenda." Ipapo Mozisi, atsamwa kwazvo, akabva
pana Faro.
[9] Jehovha akanga ati kuna Mozisi, "Faro acharamba kukuteerera, kuitira
kuti zvishamiso zvangu zviwande muIjipiti." [10] Mozisi naAroni vakaita
zvishamiso zvose izvi pamberi paFaro, asi Jehovha akaomesa mwoyo
waFaro uye haana kuda kutendera vaIsraeri kuti vabude munyika yake.

## 12

*Pasika*

[1] Jehovha akati kuna Mozisi naAroni vari muIjipiti, [2] "Mwedzi uno
unofanira kuva mwedzi wokutanga kwamuri, mwedzi wokutanga wegore
renyu. [3] Udzai ungano yose yeIsraeri kuti pazuva regumi romwedzi uno,

murume mumwe nomumwe anofanira kutorera mhuri yake gwayana,
rimwe chete paimba imwe neimwe. 4 Kana imba ipi zvayo iri duku kwazvo
pagwayana rose, vanofanira kugovana rimwe chete nomuvakidzani
ari pedyo zvichienderana nouwandu hwavanhu varipo. Munofanira
kuona mugove unodikanwa maererano nezvingadyiwa nomunhu mumwe
nomumwe. 5 Zvipfuwo zvamunosarudza zvinofanira kuva mikono yegore
rimwe chete isina chainopomerwa, uye munogona kuzvitora kubva
kumakwai kana kumbudzi. 6 Muzvichengete kusvikira pazuva regumi
namana romwedzi, ipapo ungano yose yeIsraeri inofanira kuzviuraya
panguva yamadekwana. 7 Ipapo vanofanira kutora rimwe ropa vagoriisa
pamagwatidziro maviri egonhi napazvivivo zvedzimba dzavanodyira
makwayana vari. 8 Usiku ihwohwo vanofanira kudya nyama yakagochwa
pamoto, pamwe chete nemiriwo inovava, nechingwa chisina mbiriso.
9 Musadya nyama iri mbishi kana yakabikwa mumvura, asi mugoche
pamoto, musoro, makumbo uye nezvomukati. 10 Musasiya kana chimwe
charo kusvikira mangwanani; kana zvimwe zvikasara kusvikira mang-
wanani, munofanira kuzvipisa. 11 Aya ndiwo madyiro amunoriita: Majasi
akasungwa nebhanhire, makapfeka shangu mutsoka dzenyu, uye tsvimbo
dzenyu dziri mumaoko enyu. Muridye nokukurumidza; ndiyo Pasika
yaJehovha.

12 "Nousiku ihwohwo ndichapfuura napakati peIjipiti ndigorova
matangwe ose, zvose vanhu nezvipfuwo, uye ndichatonga vamwari vose
veIjipiti. Ndini Jehovha. 13 Ropa richava chiratidzo kwamuri mudzimba
dzamunogara; uye ndikaona ropa, ndichapfuura pamuri. Hapana hosha
inoparadza ichakubatai pandicharova Ijipiti.

14 "Iri ndiro zuva ramunofanira kurangarira; kuzvizvarwa zvinotevera
mucharipemberera somutambo kuna Jehovha, mutemo wokusingaperi.
15 Kwamazuva manomwe, munofanira kudya chingwa chisina mbiriso.
Pazuva rokutanga mubvise mbiriso mudzimba dzenyu, nokuti ani naani
anodya chinhu chipi zvacho chine mbiriso mukati macho kubva pazuva
rokutanga kusvikira pazuva rechinomwe anofanira kubviswa pakati
pavaIsraeri. 16 Pazuva rokutanga muite ungano tsvene, uye mugoitazve
imwe ungano pazuva rechinomwe. Musatomboshanda pamazuva iwayo,
kunze bedzi kwokugadzira zvokudya zvokuti munhu wose adye, ndizvo
chete zvamungaita.

17 "Mupemberere Mutambo weZvingwa Zvisina Mbiriso, nokuti pazuva
irori ndipo pandakabudisa mapoka enyu kubva muIjipiti. Mupem-
berere zuva irori uve mutemo wokusingaperi kuzvizvarwa zvinotev-
era. 18 Mumwedzi wokutanga munofanira kudya chingwa chakabikwa
chisina mbiriso, kubva pamadekwana ezuva regumi namana kusvikira
madekwana ezuva ramakumi maviri nerimwe. 19 Kwamazuva manomwe,
mbiriso ngairege kuwanikwa mudzimba dzenyu. Uye ani naani an-
odya chinhu chipi zvacho chine mbiriso anofanira kubviswa pakati pe-
ungano yaIsraeri, angava mutorwa kana akaberekerwa munyika imomo.
20 Musadya chinhu chakabikwa nembiriso. Pose pamunogara, munofanira
kudya chingwa chisina mbiriso."

21 Ipapo Mozisi akadana vakuru vose veIsraeri akati kwavari, "Endai
izvozvi mundosarudza zvipfuwo zvemhuri dzenyu mugouraya gwayana
rePasika. 22 Mutore sumbu rehisopi, murinyike muropa riri mumudziyo
uye mugoisa rimwe ropa nechapamusoro pechivivo uye napamativi
maviri amagwatidziro egonhi. Parege kuva nomumwe wenyu anobuda

pamukova weimba yake kusvikira mangwanani. 23 Jehovha paanopinda
napakati penyika kuti arove vaIjipita, achaona ropa pamusoro pechivivo
nomumativi amagwatidziro egonhi uye achapfuura pamikova yenyu, uye
haangatenderi muparadzi kuti apinde mudzimba dzenyu kuti akurovei.

24 "Muteerere mirayiro iyi ive mitemo kwamuri nokuzvizvarwa zvenyu
nokusingaperi. 25 Pamunopinda munyika yamuchapiwa naJehovha sez-
vaakavimbisa, mucherechedze chirevo ichi. 26 Uye pamuchabvunzwa
navana venyu vachiti, 'Zvinoreveiko izvi kwamuri?' 27 Ipapo muvaudze
kuti, 'Ndicho chibayiro chePasika yaJehovha, uyo akapfuura napadzimba
dzavaIsraeri muIjipiti akaponesa dzimba dzedu paakarova vaIjipita.' "
Ipapo vanhu vakapfugama vakanamata. 28 VaIsraeri vakaita sezvakanga
zvarayirwa naJehovha kuna Mozisi naAroni.

29 Pakati pousiku Jehovha akarova matangwe ose omuIjipiti, kubva
padangwe raFaro, iye aizogara pachigaro choushe, kusvika kudangwe
romusungwa, akanga ari mutorongo, nedangwe rezvipfuwo zvosewo.
30 Faro namachinda ake ose uye navaIjipita vose vakamuka usiku, uye
kwakava nokuungudza kukuru muIjipiti, nokuti kwakanga kusina imba
isina munhu akanga afa.

### *Kubuda*

31 Faro akadana Mozisi naAroni usiku akati, "Simukai, mubve pakati
pavanhu vangu, imi navaIsraeri! Endai, mundonamata Jehovha sez-
vamakakumbira. 32 Mutore makwai enyu nemombe, sezvamakareva,
mugoenda. Uyewo mundiropafadze."

33 VaIjipita vakakurudzira vanhu kuti vakurumidze kubva mun-
yika. Nokuti vakati, "Zvimwe tingafa tose!" 34 Saka vanhu vaka-
tora mukanyiwa wavo usati waiswa mbiriso, vakatakura pamapfudzi
avo mumidziyo yokukanyira vakazviputira mumicheka. 35 VaIsraeri
vakaita sezvavakarayirwa naMozisi vakakumbira zvishongo zvesirivha,
negoridhe uye nezvokupfeka. 36 Jehovha akapa vanhu nyasha pamberi
pavaIjipita, uye vakavapa zvavakakumbira; saka vakapamba vaIjipita.

37 VaIsraeri vakafamba kubva paRamesesi kusvikira kuSukoti.
Kwakanga kuna varume mazana matanhatu ezviuru vaifamba netsoka,
pasingaverengwi vakadzi navana. 38 Vamwe vanhu vazhinji vakaendawo
navo, pamwe chete namapoka makuru ezvipfuwo, zvose makwai
nemombe. 39 Vakabika makeke ezvingwa zvisina mbiriso nomukanyiwa
wavakabva nawo kuIjipiti. Mukanyiwa uyu wakanga usina mbiriso
nokuti vakanga vadzingwa kubva muIjipiti uye havana kuwana nguva
yokuti vazvigadzirire zvokudya.

40 Zvino nguva yakagara vanhu veIsraeri muIjipiti yakanga iri makore
mazana mana namakumi matatu. 41 Pakupera kwamakore mazana mana
namakumi matatu, kusvikira pazuva racho iroro, ungano yose yavanhu
vaJehovha yakabva muIjipiti. 42 Usiku uhwo hunofanira kurangarirwa
Jehovha, nokuti akavabudisa muIjipiti nahwo. Ndihwo usiku hwaJehovha,
hunofanira kurangarirwa kwazvo navana vaIsraeri vose namarudzi avo
ose.

### *Mitemo yePasika*

43 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, "Iyi ndiyo mitemo yePasika:

“Mutorwa haafaniri kuidya. 44 Nhapwa ipi zvayo yawakatenga ingadya
hayo mushure mokunge wamudzingisa, 45 asi mueni uye nomunhu
anoshandira mari haafaniri kuidya.
46 “Inofanira kudyirwa muimba imwe chete; musabuda neimwe nyama
kunze kwemba. Musavhuna kana bvupa. 47 Ungano yose yeIsraeri
inofanira kuipemberera.
48 “Mutorwa wose agere pakati penyu anoda kupemberera Pasika
yaJehovha anofanira kudzingisa varume vose vari mumba make; ipapo
achadya hake somunhu akaberekerwa munyika imomo. Murume asina
kudzingiswa haafaniri kuidya. 49 Murayiro mumwe chete iwoyo unobata
kuna vose vakaberekerwa munyika imomo nokumutorwa agere pakati
penyu.”
50 VaIsraeri vose vakaita sezvakanga zvarayirwa naJehovha kuna Mozisi
naAroni. 51 Uye pazuva racho iroro Jehovha akabudisa vaIsraeri kubva
muIjipiti namapoka avo.

# 13

*Kutsaurwa kwaMatangwe*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 “Nditsaurire matangwe echirume ose.
Chibereko chokutanga chechizvaro pakati pavaIsraeri ndechangu, chin-
gava chomunhu kana chechipfuwo.”
3 Ipapo Mozisi akati kuvanhu, “Rangarirai zuva iri, iro zuva ramakabuda
muIjipiti, munyika youtapwa, nokuti Jehovha akakubudisai mairi noruoko
rune simba. Musadya chinhu chine mbiriso. 4 Nhasi, mumwedzi waAb-
hibhi muri kubuda. 5 Pamunosvitswa naJehovha munyika yavaKenani,
vaHiti, vaAmori, vaHivhi, navaJebhusi, iyo nyika yaakapikira madzibaba
enyu kuti vazokupai iyo, nyika inoyerera mukaka nouchi, munofanira
kucherechedza chirevo ichi mumwedzi uno. 6 Kwamazuva manomwe
munofanira kuitira Jehovha mutambo. 7 Mudye chingwa chisina mbiriso
pamazuva manomwe iwayo; chinhu chine mbiriso hachifaniri kuonekwa
pakati penyu, uye mbiriso zvayo haifaniri kuonekwa panzvimbo ipi zvayo
pakati pemiganhu yenyu. 8 Pazuva iroro uudze mwanakomana wako
kuti, ‘Ndinoita izvi nokuda kwezvandakaitirwa naJehovha pandakabuda
muIjipiti.’ 9 Mucherechedzo uyu uchava kwauri sechiratidzo paruoko
rwako uye sechirangaridzo pahuma yako chokuti murayiro waJehovha
unofanira kuva pamiromo yako. Nokuti Jehovha akakubudisa muIjipiti
noruoko rwake rune simba. 10 Unofanira kuchengeta mutemo uyu
panguva dzakatarwa gore negore.
11 “Shure kwokunge Jehovha akusvitsa munyika yavaKenani uye
aipa kwauri, sezvaakavimbisa nemhiko kwauri nokumadzitateguru ako,
12 unofanira kupa kuna Jehovha chibereko chokutanga chezvizvaro zvose.
Zvikono zvezvipfuwo zvako zvose zvinotanga kuzarura chibereko ndezva-
Jehovha. 13 Udzikinure negwayana mwana wose wokutanga wembongoro,
asi kana usingaudzikinuri, uvhune mutsipa wawo. Udzikinure matangwe
ose pakati pavanakomana vako.
14 “Mumazuva anouya, paunenge uchibvunzwa nomwanakomana wako
kuti, ‘Zvinoreveiko izvi?’ uti kwaari, ‘Noruoko rune simba Jehovha
akatibudisa muIjipiti, munyika youtapwa. 15 Faro paakasindimara achi-
ramba kuti tiende, Jehovha akauraya matangwe ose omuIjipiti, zvose
vanhu nezvipfuwo. Ndokusaka ndichibayira kuna Jehovha mukono

wokutanga wechibereko chechizvaro chose uye ndichidzikinura dangwe
rimwe nerimwe ravanakomana vangu.' 16 Uye chichava chiratidzo
paruoko rwako nerundanyara pahuma yako kuti Jehovha akatibudisa
kubva muIjipiti noruoko rune simba."

### *Kuyambuka Gungwa*

17 Faro akati atendera vanhu kuti vaende, Mwari haana ku-
vatungamirira nenzira yaipinda nomunyika yavaFiristia, kunyange
zvazvo yakanga iri pfupi. Nokuti Mwari akati, "Kana vakasangana
nehondo, vangashandura pfungwa dzavo vakadzokera kuIjipiti." 18 Saka
Mwari akatungamirira vanhu vachipoterera nomumugwagwa womurenje
vakananga kuGungwa Dzvuku. VaIsraeri vakabuda kubva muIjipiti
vakapakata nhumbi dzehondo.

19 Mozisi akatora mapfupa aJosefa nokuti Josefa akanga aita kuti
vanakomana vaIsraeri vapike mhiko. Akanga ati, "Zvirokwazvo Mwari
achakubatsirai, uye ipapo munofanira kutakura mapfupa angu kubva
panzvimbo ino."

20 Vakati vabva paSukoti vakadzika musasa paEtamu pamucheto
werenje. 21 Masikati Jehovha aivatungamirira neshongwe yegore
kuti avatungamirire munzira yavo uye usiku aivatungamirira neshon-
gwe yomoto kuti vavhenekerwe, kuti vafambe masikati kana usiku.
22 Shongwe yegore masikati kana shongwe yemoto usiku hazvina kubva
panzvimbo yazvo pamberi pavanhu.

## 14

1 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taurira vaIsraeri kuti vadzoke
vagondodzika musasa pedyo nePi Hahiroti, pakati peMigidhori negungwa.
Vanofanira kudzika misasa pedyo nepagungwa, pakatarisana neBhaari
Zefoni. 3 Faro achafunga kuti, 'VaIsraeri vari kungodzungaira nenyika
vakanganisika, vadzimira murenje.' 4 Uye ndichaomesa mwoyo waFaro,
agovatevera. Asi ini ndichazviwanira kukudzwa kubudikidza naFaro
nehondo yake yose, uye vaIjipita vachaziva kuti ndini Jehovha." Saka
vaIsraeri vakaita izvozvo.

5 Mambo weIjipiti akati audzwa kuti vanhu vatiza, Faro namachinda ake
vakapindura pfungwa dzavo pamusoro pavo vakati, "Ko, taitei? Tarega
vaIsraeri vachienda uye havachatishandiri!" 6 Saka akaita kuti ngoro
dzake dzigadzirwe uye akatora hondo yake akaenda nayo. 7 Akatora ngoro
dzakanakisisa dzaisvika mazana matanhatu, pamwe chete nedzimwe
ngoro dzeIjipiti dzina vatariri vadzo dzose. 8 Jehovha akaomesa mwoyo
waFaro mambo weIjipiti, kuti atevere vaIsraeri, avo vakanga vachifamba
vakashinga kwazvo. 9 VaIjipita, mabhiza ose aFaro nengoro dzake, vatasvi
vamabhiza namauto, vakatevera vaIsraeri vakavabata pavakanga vadzika
musasa pagungwa pedyo nePi Hahiroti, pakatarisana neBhaari Zefoni.

10 Faro paakanga osvika, vaIsraeri vakasimudza meso avo, uye vakaona
vaIjipita vachifamba vachivatevera. Vakavhunduka uye vakachema kuna
Jehovha. 11 Vakati kuna Mozisi, "Zvinoreva kuti muIjipiti makanga musina
makuva here zvawatiuyisa kurenje kuti tife? Chiiko chawaita kwatiri
zvawatibudisa muIjipiti? 12 Ko, tiri muIjipiti hatina kuti, 'Tisiye takadaro;
rega tishandire vaIjipita here'? Zvaiva nani kwatiri kuti tishandire
vaIjipita pano kuti tifire murenje!"

[13] Mozisi akapindura vanhu akati, "Musatya. Mirai nesimba uye
muchaona kusunungura kwaJehovha kwaachakuitirai nhasi. VaIjipita
vamunoona nhasi hamuchazovaonizve. [14] Jehovha achakurwirai; imi
ingonyararai bedzi."
[15] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Seiko uchidanidzira kwandiri?
Taurira vaIsraeri kuti vapfuurire mberi. [16] Simudza tsvimbo yako
ugotambanudzira ruoko rwako pamusoro pegungwa kuti mvura
iparadzane kuitira kuti vaIsraeri vapinde mugungwa napavhu rakaoma.
[17] Ndichaomesa mwoyo yavaIjipita zvokuti vachapinda vachivatevera.
Uye ndichawana kukudzwa kubudikidza naFaro nehondo yake yose,
nengoro dzake uye navatasvi vake vamabhiza. [18] VaIjipita vachaziva
kuti ndini Jehovha pandichawana kukudzwa kubudikidza naFaro, ngoro
dzake navatasvi vake vamabhiza."
[19] Ipapo mutumwa waMwari, uyo akanga achifamba ari mberi kwe-
hondo yavaIsraeri, akadzokera shure kwavo. Shongwe yegore yakabvawo
mberi kwavo ikandomira shure kwavo, [20] iri pakati pehondo dzeIjipiti
nedzeIsraeri. Usiku hwose gore rakauyisa rima kuno rumwe rutivi uye
chiedza kuno rumwe rutivi; saka hakuna akaswedera kuno mumwe usiku
hwose.
[21] Ipapo Mozisi akatambanudzira ruoko rwake pamusoro pegungwa,
uye usiku hwose ihwohwo Jehovha akasunda gungwa nemhepo ine simba
yokumabvazuva rikashanduka pakava nenyika yakaoma. Mvura yakaka-
murana, [22] uye vaIsraeri vakapinda nomugungwa napavhu rakaoma uye
madziro emvura ari kuruoko rworudyi nokuruboshwe kwavo.
[23] VaIjipita vakavatevera, uye mabhiza ose aFaro nengoro dzake
navatasvi vamabhiza vakatevera mugungwa. [24] Panguva yamangwanani
Jehovha akatarira pasi nomushongwe yomoto uye nomugore raiva ku-
rutivi rwehondo yavaIjipita, akainyonganisa. [25] Akaita kuti mavhiri
engoro dzavo abve zvokuti zvakanga zvaoma kudzifambisa. Uye vaIjipita
vakati, "Ngatitizei kubva kuvaIsraeri. Jehovha ari kuvarwira achirwa
navaIjipita."
[26] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Tambanudzira ruoko rwako
pamusoro pegungwa kuitira kuti mvura iyerere napamusoro pavaIjipita
napamusoro pengoro dzavo napamusoro pavatasvi vavo vamabhiza."
[27] Mozisi akatambanudzira ruoko rwake pamusoro pegungwa, uye
kwaedza, gungwa rakadzokera panzvimbo yaro. VaIjipita vakanga
vachitizira kwariri, uye Jehovha akavakukurira mugungwa. [28] Mvura
yakadzokera pakare ikafukidza ngoro navatasvi vamabhiza, hondo yose
yaFaro yakanga yatevera vaIsraeri ikanyura mugungwa. Hapana kana
mumwe wavo akararama.
[29] Asi vaIsraeri vakapinda nomugungwa napavhu rakaoma uye madziro
emvura ari kuruoko rwavo rworudyi nokuruboshwe. [30] Zuva iroro
Jehovha akaponesa vaIsraeri kubva mumaoko avaIjipita, uye vaIsraeri
vakaona vaIjipita vakanga vafa pamahombekombe. [31] Uye vaIsraeri
pavakaona simba guru raJehovha richiratidzwa pamusoro pavaIjipita,
vanhu vakatya Jehovha uye vakatenda kwaari naMozisi muranda wake.

# 15

*Rwiyo rwaMozisi naMiriamu*

[1] Ipapo Mozisi navaIsraeri vakaimba rwiyo urwu kuna Jehovha:
"Ndichaimbira Jehovha,

nokuti iye anokudzwa zvikurukuru.
Bhiza nomutasvi waro akazvikanda mugungwa.

2 “Jehovha ndiye simba rangu norwiyo rwangu;
iye ava ruponeso rwangu.
Ndiye Mwari wangu, uye ndichamurumbidza,
Mwari wababa vangu, uye ndichamukudza.
3 Jehovha imhare;
Jehovha ndiro zita rake.
4 Ngoro dzaFaro nehondo yake
akazvikanda mugungwa.
Machinda aFaro akanakisisa
akanyudzwa muGungwa Dzvuku.
5 Mvura yakadzika yakavafukidza;
vakanyura kwakadzika sedombo.

6 “Ruoko rwenyu rworudyi, imi Jehovha,
rwakakudzwa nesimba.
Ruoko rwenyu rworudyi, imi Jehovha,
rwakaparadza muvengi.

7 “Muukuru hwoumambo hwenyu
makakanda pasi vaya vaikupikisai.
Makasunungura kutsamwa kwenyu kunopisa,
kukavapisa sehundi.
8 Nokufema kwemhino dzenyu
mvura zhinji yakaita murwi.
Mvura yamasaisai yakamira yakasimba semadziro;
mvura yakadzika yakaungana mukati megungwa.

9 “Muvengi akazvikudza achiti,
‘Ndichavatevera, ndichavabata.
Ndichagova zvakapambwa;
ndichazvimbirwa navo.
Ndichavhomora munondo wangu
uye ruoko rwangu ruchavaparadza.’
10 Asi makafuridza nokufema kwenyu,
gungwa rikavafukidza.
Vakanyura somutobvu
mukati memvura ine simba.

11 “Ndianiko pakati pavamwari akaita semi, imi Jehovha?
Ndiani akaita semi,
paumambo noutsvene,
mukubwinya kunotyisa,
anoita zvishamiso?
12 Makatambanudza ruoko rwenyu rworudyi,
nyika ikavamedza.

13 “Murudo rwenyu rusingaperi muchatungamirira
vanhu vamakadzikinura.
Musimba renyu imi muchavatungamirira
kuugaro hwenyu hutsvene.

14 Ndudzi dzichazvinzwa uye dzichadedera;
kurwadziwa kuchabata vanhu vokuFiristia.
15 Madzishe eEdhomu achavhundutswa,
vatungamiri veMoabhu vachabatwa nokudedera,
vanhu veKenani vachanyunguduka;
16 kutya nokuvhunduka zvichavawira.
Nesimba roruoko rwenyu vachanyarara kunge dombo,
kusvikira vanhu venyu vapfuura, imi Jehovha,
kusvikira vanhu vamakatenga vapfuura.
17 Muchaenda navomo uye mugovasima
pagomo renhaka yenyu,
nzvimbo tsvene
yakasimbiswa namaoko enyu, imi Jehovha.

18 "Jehovha achatonga
nokusingaperi-peri."
19 Mabhiza aFaro, ngoro navatasvi vamabhiza vakapinda mugungwa,
Jehovha akauyisa mvura yomugungwa pamusoro pavo, asi vaIsraeri
vakafamba napakati pegungwa pavhu rakaoma. 20 Ipapo Miriamu
muprofitakadzi, hanzvadzi yaAroni, akatora tambureni muruoko rwake,
uye vakadzi vose vakamutevera, vana matambureni uye vachitamba.
21 Miriamu akavaimbira akati:
"Imbirai Jehovha,
nokuti anokudzwa zvikuru kuru.
Bhiza nomutasvi waro
akazvikanda mugungwa."

### *Mvura yeMara neyeErimu*

22 Ipapo Mozisi akatungamirira vaIsraeri kubva paGungwa Dzvuku uye
vakapinda murenje reShuri. Vakafamba kwamazuva matatu murenje
vachishayiwa mvura. 23 Vakati vasvika paMara, havana kugona kunwa
mvura yacho nokuti yaivava. (Ndokusaka nzvimbo yacho ichinzi Mara.)
24 Saka vanhu vakapopotera Mozisi vachiti, "Tonweiko?"
25 Ipapo Mozisi akachema kuna Jehovha, Jehovha akamuratidza chimuti.
Akachikanda mumvura, mvura ikanaka.
Jehovha akavaitirapo mutemo nomurayiro, uye akavaedza ipapo.
26 Akati, "Kana mukanyatsoteerera inzwi raJehovha Mwari wenyu uye
mukaita zvakarurama pamberi pake, kana mukarerekera nzeve dzenyu
kumirayiro yake uye mukachengeta mitemo yose, haangauyisi pamusoro
penyu zvirwere zvose zvandakauyisa pamusoro pavaIjipita, nokuti ndini
Jehovha anokuporesai."
27 Ipapo vakasvika paErimu, paiva namatsime gumi namaviri uye nemiti
yemichindwe makumi manomwe, uye vakadzika misasa ipapo pedyo
nemvura.

## 16

### *Mana neZvihuta*

1 Ungano yose yavaIsraeri yakasimuka kubva paErimu vakasvika
kuRenje reSini, riri pakati peErimu neSinai, pazuva regumi namashanu
romwedzi wechipiri shure kwokubuda kwavo muIjipiti. 2 Murenje imomo
ungano yose yavaIsraeri yakapopotera Mozisi naAroni. 3 VaIsraeri vakati
kwavari, "Dai takafa zvedu noruoko rwaJehovha tiri muIjipiti! Uko

kwataikomba makate enyama uye tichidya zvokudya zvose zvataida, asi
makatibudisa kurenje kuno kuti ungano ino yose iziye nenzara kusvikira
pakufa."
4 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Ndichakunayisirai chingwa chich-
abva kudenga. Vanhu vanofanira kubuda zuva rimwe nerimwe vagoun-
ganidza zvinoringana nezuva iroro. Nenzira iyoyi ndichavaedza ndigoona
kana vachitevera zvandinovarayira. 5 Pazuva rechitanhatu vanofanira ku-
gadzira zvavanouya nazvo, uye zvinofanira kuva zviyero zviviri kupfuura
zvavanosiunganidza pane mamwe mazuva."
6 Saka Mozisi naAroni vakati kuvaIsraeri vose, "Madekwana muchaziva
kuti akanga ari Jehovha akakubudisai kubva muIjipiti, 7 uye mang-
wanani muchaona kubwinya kwaJehovha, nokuti akanzwa kugunun'una
kwenyu pamusoro pake. Tisu vanaaniko, zvamunotipopotera?" 8 Mozisi
akatiwo, "Muchaziva kuti akanga ari Jehovha paachakupai nyama kuti
mudye madekwana uye zvokudya zvose zvamunoda mangwanani nokuti
akanzwa kugunun'una kwenyu pamusoro pake. Tisu vanaaniko? Hamusi
kupopotera isu, asi Jehovha."
9 Ipapo Mozisi akati kuna Aroni, "Udza ungano yose yaIsraeri kuti, 'Uyai
pamberi paJehovha, nokuti anzwa kupopota kwenyu.' "
10 Aroni achiri kutaura neungano yose yavaIsraeri vakatarisa kurenje
vakaona kubwinya kwaJehovha kuchiratidzwa mugore.
11 Jehovha akati kuna Mozisi, 12 "Ndanzwa kupopota kwavaIsraeri.
Vaudze kuti, 'Panguva yorubvunzavaeni muchadya nyama, uye mang-
wanani muchaguta nechingwa. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha
Mwari wenyu.' "
13 Madekwana iwayo zvihuta zvakauya zvikafukidza musasa, uye mang-
wanani pakanga pane dova rakapoteredza musasa. 14 Dova rakati rapera,
mahwendefa matete akanga akaita samazaya echando akaonekwa pasi
murenje. 15 VaIsraeri vakati vazviona, vakati kuno mumwe nomumwe
wavo, "Chiiko ichi?" Nokuti vakanga vasingazivi kuti chaiva chii.
Mozisi akati kwavari, "Ndicho chingwa chamapiwa naJehovha kuti
mudye. 16 Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha achiti, 'Mumwe nomumwe
anofanira kuunganidza zvinomukwanira. Utorere munhu mumwe no-
mumwe waunaye mutende rako omeri* rimwe chete.' "
17 VaIsraeri vakaita sezvavakaudzwa; vamwe vakaunganidza
zvakawanda, vamwe zvishoma. 18 Uye pavakayera neomeri, uya
akaunganidza zvizhinji haana kusara nezvakawanda, uye uya
akaunganidza zvishoma haana kusara nezvishoma. Mumwe nomumwe
akaunganidza zvaimukwanira.
19 Ipapo Mozisi akati kwavari, "Hakuna munhu anofanira kusara
nezvimwe kusvikira mangwanani."
20 Kunyange zvakadaro, vamwe vavo havana kuteerera kuna Mozisi,
vakachengeta zvimwe zvacho kusvikira mangwanani, asi zvakanga
zvazara nehonye uye zvatanga kunhuhwa. Saka Mozisi akavatsamwira.
21 Mangwanani oga oga munhu mumwe nomumwe akaunganidza
zvaimukwanira, uye zuva parakanga ropisa, zvakanyungudika. 22 Pazuva
rechitanhatu, vakaunganidza zviyero zviviri, maomeri maviri† pamunhu
mumwe nomumwe, uye vatungamiri veungano vakauya vakazivisa izvi
kuna Mozisi. 23 Iye akati kwavari, "Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha:

* **16:16** 16:16 marita angaita 2, uyewo nomundima 18, 32, 33 ne36 † **16:22** 16:22 marita angaita 4.5

'Mangwana izuva rokuzorora, Sabata dzvene kuna Jehovha. Saka bikai
zvamunofanira kubika uye muvidze zvamunofanira kuvidza. Chengetai
zvose zvinenge zvasara, mugozvichengeta kusvikira mangwanani.' "
24 Saka vakazvichengeta kusvikira mangwanani, sezvavakarayirwa
naMozisi, uye hazvina kunhuhwa kana kuva namakonye mazviri.
25 Mozisi akati, "Muzvidye iye nhasi, nokuti nhasi iSabata kuna Jehovha.
Hamuzombowani chimwe chazvo pasi iye nhasi. 26 Muzviunganidze
kwamazuva matanhatu, asi pazuva rechinomwe, iSabata, hakuzombovi
nechinhu."
27 Kunyange zvakadaro hazvo, vamwe vanhu vakabuda kundoun-
ganidza nezuva rechinomwe, asi havana chavakawana. 28 Ipapo Jehovha
akati kuna Mozisi, "Muchasvika riniko muchiramba kuchengeta mirayiro
yangu nezvandakakurayirai? 29 Rangarirai kuti Jehovha akakupai Sabata;
ndokusaka pazuva rechitanhatu achikupai chingwa chamazuva maviri.
Munhu mumwe nomumwe anofanira kuramba agere paari ipapo pazuva
rechinomwe; hakuna anobuda kunze." 30 Saka vanhu vakazorora pazuva
rechinomwe.
31 Vanhu veIsraeri vakatumidza chingwa icho kuti mana. Chakanga
chakachena semhodzi yekorianda uye chainaka sechingwa chine uchi.
32 Mozisi akati, "Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha, 'Mutore omeri
yemana mugoichengetera zvizvarwa zvinotevera, kuti vagoona chingwa
chandakakupai kuti mudye muri murenje pandakakubudisai kubva mun-
yika yeIjipiti.' "
33 Saka Mozisi akati kuna Aroni, "Tora mudziyo ugoisa omeri yemana
imomo. Ipapo ugozviisa pamberi paJehovha kuti zvichengeterwe zviz-
varwa zvinotevera."
34 Sokurayira kwaJehovha kuna Mozisi, Aroni akaisa mana pamberi
peChipupuriro, kuti ichengetwepo. 35 VaIsraeri vakadya mana kwamakore
makumi mana, kusvikira vasvika kunyika yaiva navanhu; vakadya mana
kusvikira vasvika pamuganhu weKenani.
36 (Omeri ndiro chegumi cheefa.)

# 17

*Vanopiwa mvura kubva padombo*

1 Ungano yose yavaIsraeri yakasimuka kubva paRenje reSini, vachi-
famba nzvimbo nenzvimbo sokurayira kwaJehovha. Vakadzika musasa
paRefidhimu, asi pakanga pasina mvura yokuti vanhu vanwe. 2 Saka
vanhu vakakakavadzana naMozisi uye vakati, "Tipe mvura tinwe."
Mozisi akapindura akati, "Seiko muchikakavadzana neni? Seiko
muchiedza Jehovha?"
3 Asi vanhu vakanga vane nyota yemvura ipapo, saka vakapopotedzana
naMozisi. Vakati, "Seiko wakatibudisa muIjipiti kuti isu navana vedu
nezvipfuwo zvedu tife nenyota?"
4 Ipapo Mozisi akachema kuna Jehovha akati, "Ndoiteiko navanhu ava?
Votoda kunditaka namabwe."
5 Jehovha akapindura Mozisi akati, "Famba pamberi pavanhu. Tora
vamwe vavakuru vavaIsraeri uye ubate muruoko rwako tsvimbo
yawakarova nayo mvura yeNairi, ugoenda. 6 Ndichamira ipapo pamberi
pako padombo riri paHorebhi. Urove dombo, uye mvura ichabuda
pariri, kuti vanhu vanwe." Saka Mozisi akaita izvi pamberi pavakuru
vavaIsraeri. 7 Uye akatumidza nzvimbo iyi kuti Masa neMeribha nokuti

vaIsraeri vakakavadzana naye uye nokuti vakaedza Jehovha vachiti, “Ko,
Jehovha ari pakati pedu here kana kuti kwete?”

*VaAmareki vanokundwa*

8 VaAmareki vakauya vakarwa navaIsraeri paRefidhimu. 9 Mozisi akati
kuna Joshua, “Sarudza vamwe varume vokwedu ugobuda kundorwa
navaAmareki. Mangwana ndichandomira pamusoro pechikomo ndine
tsvimbo yaMwari mumaoko angu.”

10 Saka Joshua akarwa navaAmareki sokurayirwa kwaakaitwa naMozisi,
uye Mozisi, Aroni naHuri vakakwira pamusoro pechikomo. 11 Mozisi
paainge akasimudza maoko ake, vaIsraeri vaikunda, asi paaingoderedza
maoko ake, vaAmareki vaikunda. 12 Maoko aMozisi akati aneta, vakatora
dombo ndokuriisa pasi pake iye akagara pamusoro paro. Aroni naHuri
vakabata maoko ake vakamutsigira, mumwe kuno rumwe rutivi, mumwe
kuno rumwe rutivi, kuitira kuti maoko ake arambe akatsiga kusvikira
madekwana. 13 Saka Joshua akakunda hondo yavaAmareki nomunondo.

14 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Nyora izvi mubhuku chive chinhu
chicharangarirwa uye uve nechokwadi kuti Joshua azvinzwa, nokuti
ndichabvisa chirangaridzo chose cheAmareki pasi pedenga.”

15 Mozisi akavaka aritari akaitumidza kuti “Jehovha ndiye Mureza
wangu.” 16 Akati, “Nokuti maoko akasimudzirwa kumusoro kuchigaro
choushe chaJehovha. Jehovha acharwa neAmareki kubva kune chimwe
chizvarwa kusvikira kune nechimwe chizvarwa.”

# 18

*Jeturo anoshanyira Mozisi*

1 Zvino Jeturo, muprista weMidhiani uye ari tezvara waMozisi, akanzwa
zvinhu zvose zvakaitirwa Mozisi naMwari uye nokuvanhu vake vaIsraeri,
uye kuti Jehovha akanga abudisa vaIsraeri sei kubva muIjipiti.

2 Shure kwokunge Mozisi adzosera Zipora mukadzi wake, tezvara
wake Jeturo akagamuchira Zipora 3 navanakomana vake vaviri. Mumwe
mwanakomana akatumidzwa kunzi Gerishomi nokuti akati, “Ndava
mutorwa munyika yavamwe;” 4 uye mumwe akatumidzwa kunzi Eriez-
eri, nokuti akati, “Mwari wababa vangu akanga ari mubatsiri wangu;
akandiponesa kubva pamunondo waFaro.”

5 Jeturo, tezvara waMozisi, pamwe chete navanakomana vaMozisi
nomukadzi wake, vakauya kwaari kurenje, kwaakanga akadzika musasa
pedyo negomo raMwari. 6 Jeturo akanga atumira shoko kwaari achiti, “Ini,
tezvara wako Jeturo, ndiri kuuya kwauri nomukadzi wako navanakomana
vako vaviri.”

7 Saka Mozisi akabuda kundochingamidza tezvara vake uye akakotama
pasi akamutsvoda. Vakakwazisana ndokubva vapinda mutende. 8 Mozisi
akataurira tezvara wake zvinhu zvose zvakaitwa naJehovha kuna Faro
nokuvaIjipita nokuda kwavaIsraeri, uyewo nokutambudzika kwavakasan-
gana nako munzira, uye kuti Jehovha akavaponesa sei.

9 Jeturo akafara kunzwa nezvezvinhu zvose zvakanaka zvakaitirwa vaIs-
raeri naJehovha, mukuvanunura kubva muruoko rwavaIjipita. 10 Akati,
“Jehovha ngaarumbidzwe, iye akakununura kubva muruoko rwavaIjipita
norwaFaro, uye iye akanunura vanhu kubva muruoko rwavaIjipita.
11 Zvino ndava kuziva kuti Jehovha mukuru kupfuura vamwe vamwari
vose, nokuti akaita izvi kuna avo vakabata vaIsraeri nokuzvikudza.”
12 Ipapo Jeturo, tezvara waMozisi, akauya nechipiriso chinopiswa

nezvimwewo zvibayiro kuna Mwari, uye Aroni akauya navakuru vose
veIsraeri kuti vazodya chingwa pamwe chete natezvara waMozisi pamberi
paMwari.
13 Fume mangwana, Mozisi akagara pachigaro chake kuti ashande
somutongi wavanhu, uye ivo vakamira vakamupoteredza kubva mang-
wanani kusvikira madekwana. 14 Tezvara wake akati aona zvose zvakanga
zvichiitwa naMozisi kuvanhu, akati, "Chiiko ichi chauri kuitira vanhu?
Seiko iwe uchitonga uri woga, asi vanhu vose ava vamire vakakupoteredza
kubva mangwanani kusvikira madekwana?"
15 Mozisi akamupindura akati, "Nokuti vanhu vanouya kwandiri
kuzotsvaka kuda kwaMwari. 16 Pose pavanouya negakava vanouya
kwandiri, uye ini ndotonga pakati pavo uye ndovazivisa mitemo nemi-
rayiro yaMwari."
17 Tezvara waMozisi akapindura akati, "Zvauri kuita hazvina kunaka.
18 Iwe navanhu ava vanouya kwauri muchangozvinetesa chete. Basa iri
rinorema kwazvo kwauri; haungagoni kuriita uri woga. 19 Nditeerere
iye zvino ndigokupa zano, uye Mwari ngaave newe. Unofanira kuva
mumiririri wavanhu pamberi paMwari uye ugouyisa magakava avo
kwaari. 20 Uvadzidzise mitemo nemirayiro, ugovaratidza nzira yoku-
rarama namabasa avanofanira kuita. 21 Asi sarudza varume vanok-
wanisa kubva pakati pavanhu vose, varume vanotya Mwari, varume
vakatendeka vanovenga fufuro, ugovagadza samachinda pamusoro pezvi-
uru, pamusoro pamazana, pamusoro pamakumi mashanu napamusoro
pegumi. 22 Uvaite kuti vashande savatongi vavanhu panguva dzose, asi
uvaite kuti vauye kwauri nenyaya dzose dzakaoma; nyaya dzakareruka
ngavatonge ivo pachavo. Izvozvo zvicharerutsa mutoro wako, nokuti
vanenge vachigovana newe. 23 Kana uchiita izvi uye Mwari achikurayira,
uchagona kutakura mutoro uyu, uye vanhu vose ava vachaenda kudzimba
vagutsikana."
24 Mozisi akateerera tezvara wake akaita zvinhu zvose zvaakareva.
25 Akasarudza varume vaikwanisa kubva pakati pavaIsraeri vose akavaita
vatungamiriri vavanhu, akavaita vabati vezviuru, vabati vamazana,
vabati vamakumi mashanu, navabati vegumi. 26 Vakashanda savatongi
vavanhu nguva dzose. Mhaka dzakaoma ndidzo dzavakauya nadzo kuna
Mozisi, asi dzakareruka ndivo vaitonga ivo pachavo.
27 Ipapo Mozisi akatendera tezvara vake kuti vaende havo, uye Jeturo
akadzokera kunyika yake.

# 19

*PaGomo reSinai*

1 Mumwedzi wechitatu shure kwokunge vaIsraeri vabva kuIjipiti,
pazuva racho iroro, vakasvika kuRenje reSinai. 2 Shure kwokusimuka
kwavo kubva paRefidhimu, vakapinda muRenje reSinai, uye vaIsraeri
vakadzika misasa imomo murenje pamberi pegomo.
3 Ipapo Mozisi akakwira kuna Mwari, uye Jehovha akadana kwaari
ari mugomo akati, "Izvi ndizvo zvaunofanira kutaura kuimba yaJakobho
uye zvaunofanira kuudza vanhu veIsraeri: 4 'Iwe pachako wakaona
zvandakaita kuIjipiti, uye kuti ndakakutakurai sei pamapapiro egondo
ndikakusvitsai kwandiri. 5 Zvino kana muchinditeerera nomwoyo wose
uye mukachengeta sungano yangu, ipapo muchava pfuma yangu chaiyo
pakati pendudzi dzose. Kunyange hazvo nyika yose iri yangu, 6 muchava

kwandiri umambo hwavaprista uye rudzi rutsvene.' Aya ndiwo mashoko
aunofanira kutaura kuvaIsraeri."

7 Saka Mozisi akadzokera akadana vakuru vavanhu akaisa pamberi
pavo mashoko ose aakanga arayirwa naJehovha kuti ataure. 8 Vanhu
vose vakapindura pamwe chete vachiti, "Tichaita zvose zvakarehwa
naJehovha." Saka Mozisi akadzosera mhinduro yavo kuna Jehovha.

9 Jehovha akati kuna Mozisi, "Ndiri kuzouya kwauri ndiri mugore gobvu,
kuitira kuti vanhu vagondinzwa ndichitaura newe vagoramba vachivimba
newe." Ipapo Mozisi akaudza Jehovha zvakanga zvarehwa navanhu.

10 Uye Jehovha akati kuna Mozisi, "Enda kuvanhu undovanatsa nhasi
namangwana. Uite kuti vawache nguo dzavo 11 uye vange vagadzirira
nezuva rechitatu, nokuti pazuva iroro Jehovha achaburuka paGomo
reSinai pamberi pavanhu vose. 12 Uisire vanhu miganhu yakapoteredza
gomo ugovaudza kuti, 'Chenjerai kuti murege kukwira mugomo kana ku-
bata mujinga maro. Ani naani achabata gomo achaurayiwa, zvirokwazvo.
13 Zvirokwazvo achatakwa namabwe kana kubayiwa nemiseve; hakuna
ruoko ruchamubata. Angava munhu kana chipfuwo, haangatenderwi
kurarama.' Vangakwira havo kugomo kana bedzi hwamanda yorunyanga
rwegondobwe yaramba ichirira."

14 Shure kwokuburuka kwaMozisi mugomo achienda kuvanhu, aka-
vanatsa, uye ivo vakashambidza nguo dzavo. 15 Ipapo akati kuvanhu,
"Zvigadzirirei nezvezuva rechitatu. Murege kurara navakadzi venyu."

16 Panguva yamangwanani yezuva rechitatu pakava nokutinhira uye
nemheni, negore gobvu rakafukidza gomo, uye kurira kukuru kwe-
hwamanda. Munhu wose aiva mumisasa akadedera. 17 Ipapo Mozisi
akatungamirira vanhu vachibuda mumisasa kuti vandosangana naMwari,
uye vakandomira mujinga megomo. 18 Gomo reSinai rakanga raka-
fukidzwa noutsi, nokuti Jehovha akanga aburukira pamusoro paro ari
mumoto. Utsi hwakapfungaira huchikwira kumusoro soutsi hwakanga
huchibva pavira romoto, gomo rose rakazungunuka nesimba guru, 19 uye
inzwi rehwamanda rakanyanya kurira nokurira kukuru. Ipapo Mozisi
akataura uye inzwi raMwari rikamupindura.

20 Jehovha akaburukira pamusoro peGomo reSinai uye akadana Mozisi
kuti auye pamusoro pegomo. Saka Mozisi akakwirako 21 uye Jehovha akati
kwaari, "Buruka unoyambira vanhu kuti varege kumanikidzira kupinda
kuti vandoona Jehovha vazhinji vavo vakazofa. 22 Kunyange vaprista,
vanoswedera kuna Jehovha, vanofanira kuzvinatsa, kuti Jehovha arege
kuvaparadza."

23 Mozisi akati kuna Jehovha, "Vanhu havangakwiri muGomo reSinai,
nokuti imi pachenyu makatiyambira mukati, 'Isai miganhu yakapoteredza
gomo uye muritsaure kuti rive dzvene.' "

24 Jehovha akapindura akati, "Buruka undotora Aroni ukwire naye
kuno. Asi vaprista navanhu havafaniri kumanikidzira kusvika kuno kuna
Jehovha, nokuti angavaparadza."

25 Saka Mozisi akaburuka akaenda kuvanhu akandovaudza.

## 20

*Mirayiro Gumi*

1 Uye Mwari akataura mashoko aya ose akati:

2 "Ndini Jehovha Mwari wako, akakubudisa kubva muIjipiti, munyika youranda.

3 "Usava navamwe vamwari kunze kwangu.
4 Usazviitira mufananidzo wechinhu chipi zvacho chiri kudenga kumusoro kana wechiri panyika pasi kana wechiri mumvura.
5 Usazvipfugamira kana kuzvinamata, nokuti ini Jehovha Mwari wako, ndiri Mwari ane godo, ndinoranga vana nokuda kwechivi chamadzibaba kusvikira kuchizvarwa chechitatu nechechina cheavo vanondivenga, 6 asi ndicharatidza rudo kuzvizvarwa zvine chiuru, avo vanondida uye vanochengeta mirayiro yangu.
7 Usareva zita raJehovha Mwari wako pasina nokuti Jehovha haazoregi kupa mhosva munhu upi zvake anoreva zita rake pasina.
8 Rangarira zuva reSabata kuti urichengete riri dzvene. 9 Uchashanda
mazuva matanhatu nokuita basa rako rose, 10 asi zuva rechinomwe
iSabata kuna Jehovha Mwari wako. Pazuva iroro hamufaniri kuita basa ripi zvaro, iwe kana mwanakomana wako, kana mwanasikana wako, murandarume wako kana murandakadzi wako, uye zvipfuwo
zvako kana mutorwa ari mukati mamasuo ako. 11 Nokuti mumazuva
matanhatu Jehovha akaita matenga nenyika, gungwa, nezvose zviri mariri, asi akazorora nomusi wechinomwe. Naizvozvo Jehovha akaropafadza zuva reSabata akariita dzvene.
12 Kudza baba vako namai vako, kuti ugorarama mazuva mazhinji munyika yaunopiwa naJehovha Mwari wako.
13 Usauraya.
14 Usaita upombwe.
15 Usaba.
16 Usapupurira muvakidzani wako nhema.
17 Usachiva imba yomuvakidzani wako. Usachiva mukadzi womuvakidzani wako, kana murandarume wake, kana murandakadzi wake, kana nzombe yake, kana mbongoro yake, kana chinhu chipi zvacho chomuvakidzani wako."

18 Vanhu vakati vaona mheni nokutinhira uye vanzwa hwamanda, uye vaona gomo richipfungaira utsi, vakadedera nokutya. Vakagara vari
chinhambwe 19 vakati kuna Mozisi, "Taura iwe kwatiri uye tichakuteerera.
Asi usarega Mwari achitaura nesu, kuti tirege kufa."
20 Mozisi akati kuvanhu, "Musatya. Mwari auya kuzokuedzai, kuitira kuti kutya Mwari kugova nemi, kuti murege kutadza."
21 Vanhu vakaramba vari chinhambwe, Mozisi paakanga achiswedera kurima gobvu kwakanga kuna Mwari.

### *Zvifananidzo neAritari*

22 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Taurira vaIsraeri kuti, 'Mazvionera
pachenyu kuti ndataura kwamuri ndiri kudenga ndikati: 23 Musaita
vamwari vapi zvavo kunze kwangu; musazviitira vamwari vesirivha kana vamwari vegoridhe.
24 " 'Mundiitire aritari yevhu mugobayira pamusoro payo zvipiriso zvinopiswa uye zvipiriso zvokuwadzana, makwai enyu, mbudzi dzenyu nemombe dzenyu. Pose pandichaita kuti zita rangu rikudzwe, ndichauya
kwamuri ndigokuropafadzai. 25 Kana muchindiitira aritari yamabwe,

musaivaka namabwe akavezwa, nokuti mungazoisvibisa kana mukashan-
disa mbezo pairi. 26 Uye musakwira kuaritari yangu namatanho, kuti
kusasimira kwenyu kurege kuonekwa muri pairi.'

## 21

1 "Iyi ndiyo mirayiro yaunofanira kumisa pamberi pavo:

*Varanda vechiHebheru*

2 "Kana ukatenga muranda wechiHebheru, anofanira kukushandira
kwamakore matanhatu. Asi mugore rechinomwe, anofanira kusunun-
gurwa aende, asina chinhu chaanoripa. 3 Kana akauya ari oga, anofanira
kusunungurwa aende ari oga; asi kana ano mukadzi pakuuya kwake,
anofanira kuenda nomukadzi wake. 4 Kana tenzi wake akamupa mukadzi
uye akamuberekera vanakomana kana vanasikana, mukadzi navana vake
vachava vatenzi wake, uye murume chete ndiye achasunungurwa kuti
aende hake.
5 "Asi muranda akati, 'Ndinoda tenzi wangu, mukadzi wangu navana
vangu asi handisi kuda kusunungurwa,' 6 ipapo tenzi wake anofanira
kuenda naye pamberi pavatongi. Achaenda naye pamukova kana
pagwatidziro romukova agomuboora nzeve yake norunji. Ipapo achava
muranda wake kwoupenyu hwake hwose.
7 "Kana munhu akatengesa mwanasikana wake kuti ave murandakadzi,
iyeye haafaniri kusunungurwa kuti aende sezvinoita varandarume.
8 Kana asingafadzi tenzi akamusarudza kuti ave wake, anofanira ku-
murega kuti adzikinurwe. Haana mvumo yokumutengesa kuvatorwa,
nokuti aputsa chitenderano naye. 9 Kana akamusarudzira mwanakomana
wake, anofanira kumupa kodzero dzomwanasikana. 10 Kana akawana
mumwe mukadzi, haafaniri kunyima mukadzi wokutanga zvokudya, nguo
kana kodzero dzake dzokuwanikwa. 11 Kana asingamupi zvinhu zvitatu
izvi, anofanira kuenda akasununguka pasina kana mari yaanoripa.

*Kukuvadzana*

12 "Ani naani anorova munhu uye akamuuraya, zvirokwazvo naiye
achaurayiwa. 13 Kunyange zvakadaro hazvo, kana asingazviiti nobwoni,
asi Mwari atendera kuti zviitike, iye anofanira kutizira kunzvimbo
yandichatsaura. 14 Asi kana munhu akaronga uye akauraya mumwe
munhu nobwoni, mumubvise paaritari yangu uye mumuuraye.
15 "Ani naani anorova baba vake kana mai vake anofanira kuurayiwa.
16 "Ani naani anoba mumwe munhu uye akamutengesa kana kuti
akawanikwa achinaye paanenge abatwa, anofanira kuurayiwa.
17 "Ani naani anotuka baba vake kana mai vake anofanira kuurayiwa.
18 "Kana vanhu vakakakakavadzana uye mumwe akarova mumwe nebwe
kana nechibhakera chake uye akasafa asi akavata panhoo, 19 munhu arova
haazobatwi nemhosva kana mumwe wacho akamuka akafamba-famba
kunze nomudonzvo wake; kunyange zvakadaro hazvo, anofanira kuripa
munhu akakuvara nokuda kwokurasikirwa kwake nenguva yake uye aone
kuti apora zvachose.
20 "Kana munhu akarova murandarume wake kana murandakadzi
netsvimbo uye muranda akafa nokuda kwokurohwa, anofanira kurangwa,
21 asi haafaniri kurangwa kana muranda akamuka shure kwezuva rimwe
chete kana maviri, sezvo muranda ari mudziyo wake.

22 “Kana varume vachirwa vakarova mukadzi ane mimba uye ak-
abereka gavamwedzi asi asina kukuvara zvakanyanya, nyakupara mhosva
anofanira kuripiswa zvose zvazvo zvinodiwa nomurume wacho uye
zvinobvumirwa nedare remhosva. 23 Asi kana pane kukuvara kwakaip-
isisa, unofanira kutora upenyu noupenyu, 24 ziso neziso, zino nezino,
ruoko noruoko, tsoka netsoka, 25 kutsva nokutsva, ronda neronda, vanga
nevanga.
26 “Kana munhu akarova murandarume kana murandakadzi paziso
uye akariparadza, anofanira kurega muranda achienda akasununguka
kuti atsive ziso rake. 27 Uye kana akabvisa zino romurandarume kana
romurandakadzi, anofanira kurega muranda aende akasununguka kuti
atsive zino rake.
28 “Kana hando ikatunga murume kana mukadzi akafa, hando iyoyo
inofanira kutakwa namabwe kusvika yafa, uye nyama yayo haifaniri
kudyiwa. 29 Kunyange zvakadaro hazvo, kana hando yanga ine tsika
yokutunga uye muridzi wayo akamboyambirwa hake asi akasaipfi-
gira mudanga uye ikauraya murume kana mukadzi, hando iyo ino-
fanira kutakwa namabwe uyewo muridzi wayo anofanira kuurayiwa.
30 Kunyange zvakadaro hazvo, kana pachidikanwa muripo unobva kwaari
angadzikinura hake upenyu hwake nokuripa zvose zvazvo zvinodikanwa.
31 Murayiro uyu unobatawo kana hando iyi yatunga mwanakomana
kana mwanasikana. 32 Kana hando ikatunga murandarume kana mu-
randakadzi, muridzi wayo anofanira kuripa mashekeri esirivha makumi
matatu* kuna tenzi womuranda, uye hando inofanira kutakwa namabwe.
33 “Kana munhu akafukunura gomba kana kuchera rimwe gomba
uye akarega kurifushira uye nzombe kana mbongoro ikawira mariri,
34 muridzi wegomba anofanira kuripa kurasikirwa uku; anofanira
kuripira muridzi wayo, uye chipfuwo chafa chichava chake.
35 “Kana hando yomumwe munhu ikakuvadza hando yomumwe uye
ikafa, vanofanira kutengesa mhenyu yacho vagogovana zvakaenzana mari
yacho vari vaviri, uye nemombe yakafawo. 36 Kunyange zvakadaro, kana
zvakanga zvichizivikanwa kuti hando iyi yagara ine tsika yokutunga,
asi muridzi akasaipfigira mudanga, muridzi anofanira kuripa chipfuwo
nechipfuwo, uye chipfuwo chafa chichava chake.

# 22

*Kudzivirirwa kweMidziyo kana Pfuma*

1 “Kana munhu akaba nzombe kana gwai uye akauraya kana kutengesa
anofanira kuripa mombe shanu nokuda kwenzombe uye makwai mana
pagwai rimwe chete.
2 “Kana mbavha ikabatwa ichipaza uye ikarohwa ikafa, nyakudzivirira
haana mhosva yokuteura ropa; 3 asi kana zvikaitika shure kwokubuda
kwezuva, anenge ane mhosva yokuteura ropa.
“Mbavha inofanira kudzora zvayaba, asi kana isina chinhu, inofanira
kutongeswa kuti iripe umbavha hwayo.
4 “Kana chipfuwo chakabiwa chikawanikwa chichiri chipenyu muruoko
rwake, ingava nzombe kana mbongoro kana gwai, iye anofanira kuripa
zvava zviviri.

---

* **21:32** 21:32 0.3 yekirogiramu

5 “Kana munhu akafudza zvipfuwo zvake mumunda kana mumunda
womuzambiringa uye akarega zvipfuwo zvake zvichidya mumunda wom-
unhu, anofanira kudzorera zvakaisvonaka zvinobva mumunda wake kana
mumunda wake womuzambiringa.
6 “Kana moto ukapfuta uye ukapararira muzvikwenzi zveminzwa
zvokuti unopisa mirwi yezviyo kana zviyo zvimire, kana munda wose,
munhu abatidza moto anofanira kudzorera nomuripo.
7 “Kana munhu akapa muvakidzani wake sirivha kana zvinhu kuti
achengete zvichibva zvabiwa kubva mumba momuvakidzani, mbavha
yacho, kana ikabatwa, inofanira kuripa zvakapetwa kaviri. 8 Asi kana
mbavha isina kuwanikwa, muridzi wemba anofanira kumira pamberi
pavatongi kuti zvionekwe kana akaisa ruoko rwake pazvinhu zvomumwe
munhu. 9 Panyaya dzose dzokuchengeta zvisiri pamutemo, nzombe,
mbongoro, gwai, nguo kana chimwewo zvacho chakarasika chinonzi no-
mumwe munhu, ‘Ndechangu ichi’, vaviri ava vanofanira kuuya nenyaya
dzavo pamberi pavatongi. Munhu uyo achanzi ane mhosva navatongi
anofanira kuripira muvakidzani wake zvakapetwa kaviri.
10 “Kana munhu akapa mbongoro, nzombe, gwai kana chipfuwo chipi
zvacho kumuvakidzani wake kuti achengete chichibva chafa kana kuku-
vara kana kutorwa pasina anozviona, 11 nyaya iri pakati pavo inofanira ku-
gadziriswa nokuita mhiko pamberi paJehovha yokuti muvakidzani haana
kuisa maoko ake pazvinhu zvomumwe munhu. Muridzi anofanira kuga-
muchira izvi, uye hapana muripo unodikanwa apa. 12 Asi kana chipfuwo
chakabiwa kubva kumuvakidzani, iye anofanira kudzorera kumuridzi
nomuripo. 13 Kana chakabvarurwa-bvarurwa nechikara chesango, iye
achauyisa zvakasara zvacho zvive umboo uye haazosungirwi kuripa
chipfuwo chakabvamburwa.
14 “Kana munhu akakwereta chipfuwo kubva kumuvakidzani wake
uye chikakuvara kana kufa, muridzi wacho asipo, anofanira kuripa.
15 Asi kana muridzi ane chipfuwo chacho, akwereta haafaniri kuzoripa.
Kana chipfuwo ichi changa chichiripirwa mari yokuchishandisa, mari
yakaripwa yacho ndiyo inozozadzisa kurasikirwa kwake.

### *Kugarisana navamwe*

16 “Kana murume akanyengera musikana anenge ari mhandara asina
kutsidzira kuti awanikwe uye akavata naye, iye anofanira kubvisa roora,
uye achava mukadzi wake. 17 Kana baba vake vasingadi zvachose kuti
vamupe kwaari, anofanira bedzi kubvisa roora rinobvisirwa mhandara.
18 “Usatendera muroyikadzi kuti ararame.
19 “Ani naani anoita chipfuwo mukadzi anofanira kuurayiwa.
20 “Ani naani anobayira kuna mwari upi zvake kunze kwangu anofanira
kuparadzwa.
21 “Usabata mutorwa zvakaipa kana kumudzvinyirira, nokuti imi
makanga muri vatorwa muIjipiti.
22 “Musaitira zvakaipa chirikadzi nenherera. 23 Kana mukaita izvozvo
uye ivo vakachema kwandiri, zvirokwazvo ndichanzwa kuchema kwavo.
24 Kutsamwa kwangu kuchamuka, uye ndichakuurayai nomunondo;
vakadzi venyu vachava chirikadzi uye vana venyu vachava nherera.
25 “Kana mukakweretesa mari kuno mumwe wavanhu vangu vari pakati
penyu vanoshaya, musaita somunhu webasa rokukweretesa; musamurip-
isa yava nemhindu. 26 Kana ukatora jasi romuvakidzani wako sechitsidzo,

uridzorere kwaari zuva rodoka, 27 nokuti jasi rake ndicho chifukidzo
bedzi chaanacho chomuviri wake. Achavata akafukeiko? Paanochema
kwandiri, ini ndichanzwa, nokuti ndine tsitsi.
28 "Usamhura Mwari kana kutuka mutongi wavanhu vako.
29 "Usarega kupa zvipiriso zvinobva mumatura ako kana muzvisviniro
zvako.
"Unofanira kundipa dangwe ravanakomana vako. 30 Muite zvimwe
chetezvo kumombe dzenyu nokumakwai enyu. Murege zvigare mazuva
manomwe navanamai vazvo, asi muzvipe kwandiri pazuva rorusere.
31 "Munofanira kuva vanhu vangu vatsvene. Saka musadya nyama
yechipfuwo chakabvamburwa nezvikara zvesango, muikandire kumbwa.

# 23

*Mirayiro yoKururamisira neyoKunzwira Ngoni*

1 "Usaparadzira mashoko enhema. Usabatsira munhu akaipa nokuva
chapupu chakaipa.
2 "Usatevedzera vanhu vazhinji pakuita zvakaipa. Paunopa umboo
mudare redzimhosva, usaminamisa kururamisira uchienda kurutivi
rworuzhinji, 3 uye usatsaura munhu murombo uchienda kudivi rake
pamhaka yake.
4 "Kana ukaona nzombe yomuvengi wako kana mbongoro yake yarasika,
ona kuti waidzosera kwaari. 5 Kana ukaona mbongoro yomunhu
anokuvenga yawira pasi nokuda kwokuremerwa, usaisiya ipapo; iva
nechokwadi kuti wamubatsira pairi.
6 "Usaramba kururamisira varombo vavanhu vokwako pamatare edz-
imhosva. 7 Usava nechokuita nokupomerwa kwemhosva yenhema uye
usatongera rufu munhu asina mhosva, kana munhu akatendeka, nokuti
ini handizopembedzi munhu ane mhosva.
8 "Usagamuchira fufuro, nokuti fufuro inopofumadza vaya vanoona uye
inomonyorora mashoko owakarurama.
9 "Musadzvinyirira mutorwa; imi pachenyu munoziva kuti zvakaita sei
kuva mutorwa, nokuti makanga muri vatorwa muIjipiti.

*Mirayiro yeSabata*

10 "Makore matanhatu munofanira kudyara minda yenyu mugokohwa
zvirimwa, 11 asi pagore rechinomwe nyika ngairege kurimwa kana
kushandiswa. Ipapo varombo vari pakati pavanhu venyu vangawanawo
zvokudya kubva mairi, uye zvikara zvesango zvigodya zvavanenge vasiya.
Muitewo zvimwe chetezvo kuminda yenyu yemizambiringa neyemiorivhi.
12 "Muite basa renyu mazuva matanhatu, asi pazuva rechinomwe
musashanda, kuitira kuti nzombe yako nembongoro yako zvizorore uye
nhapwa yakaberekerwa mumba mako, nomutorwa, vazororewo.
13 "Muchenjerere kuti muite zvose zvandakareva kwamuri. Musareva
mazita avamwe vamwari; ngaarege kunzwikwa pamiromo yenyu.

*Mitambo Mitatu yeGore*

14 "Katatu pagore munofanira kupemberera mutambo kwandiri.
15 "Mupemberere Mutambo weChingwa Chisina Mbiriso; mazuva
manomwe, munofanira kudya chingwa chisina mbiriso, sezvandakaku-
rayirai. Muite izvi panguva dzakatarwa mumwedzi waAbhibhi, nokuti
mumwedzi iwoyo ndipo pamakabuda kubva muIjipiti.
"Hakuna munhu anofanira kumira pamberi pangu asina chinhu.

16 “Mupemberere Mutambo woKukohwa nezvibereko zvokutanga
zvezvirimwa zvamakadyara muminda yenyu.

“Mupemberere Mutambo woKuunganidza pakupera kwegore, pamu-
nounganidza zvirimwa zvenyu kubva mumunda.

17 “Varume vose vanofanira kumira pamberi paIshe Jehovha katatu
pagore.

18 “Musapa ropa rechibayiro kwandiri pamwe chete nechinhu chipi
zvacho chine mbiriso.

“Mafuta ezvipiriso zvangu zvomutambo haafaniri kuchengetwa
kusvikira mangwana mangwanani.

19 “Muuye nezvakanakisisa zvezvibereko zvokutanga zvevhu renyu
kuimba yaJehovha Mwari wenyu.

“Musabika mbudzana mumukaka wamai vayo.

### *Mutumwa waMwari achagadzira nzira*

20 “Tarirai, ndiri kutumira mutumwa pamberi penyu kuti akuchengetei
munzira uye kuti akusvitsei kunzvimbo yandakakugadzirirai.
21 Murerekere nzeve dzenyu kwaari mugoteerera zvaanoreva.
Musamumukira; iye haangazoregereri kumukira kwenyu, sezvo Zita
rangu riri maari. 22 Kana mukanyatsoteerera kune zvaanoreva nokuita
zvose zvandinoreva, ini ndichava muvengi kuvavengi venyu uye
ndichapikisa avo vanokupikisai. 23 Mutumwa wangu achakutungamirirai
uye achakupinzai munyika yavaAmori, vaHiti, vaPerezi, vaKenani,
vaHivhi navaJebhusi, uye ndichavapedza chose. 24 Musapfugamira
vamwari vavo kana kuvanamata kana kuwadzana namabasa avo.
Munofanira kuvaparadza uye mugoputsa matombo avo anoyera.
25 Namatai Jehovha Mwari wenyu, uye ipapo maropafadzo ake achava
pane zvokudya zvenyu nemvura yenyu. Ndichabvisa urwere kubva pakati
penyu, 26 uye hakuna achabva pamuviri kana asingabereki munyika
yenyu. Ndichakupai upenyu huzere.

27 “Ndichatuma kuvhundutsa kwangu pamberi penyu uye ndichauyisa
nyonganiso pamusoro pendudzi dzose dzamunosangana nadzo. Ndichaita
kuti vavengi venyu vose vatendeuke vagotiza. 28 Ndichatuma mago pam-
beri penyu kuti adzinge vaHivhi, vaKenani navaHiti kuti vabve munzira
yenyu. 29 Asi handizovadzingi mugore rimwe chete, nokuti nyika ingazoita
sango uye mhuka dzesango dzikakuwandirai. 30 Ndichavabvisa pamberi
penyu zvishoma zvishoma, kusvikira manyatsowanda kuti mutore nyika.

31 “Ndichasimbisa miganhu yenyu kubva kuGungwa Dzvuku kusvikira
kuGungwa ravaFiristia, uye kubva kuRenje kusvikira kuRwizi. Ndichaisa
mumaoko enyu vanhu vagere munyika iyi uye imi muchavadzinga
pamberi penyu. 32 Musaita sungano navo kana navamwari vavo.
33 Musavatendera kuti vagare munyika yenyu kuti varege kukuitai
kuti munditadzire, nokuti kunamata vamwari vavo kuchava musungo
kwamuri zvirokwazvo.”

## 24

### *Sungano inosimbiswa*

1 Ipapo akati kuna Mozisi, “Kwira kuna Jehovha, iwe naAroni, Nadhabhi
naAbhihu, navakuru vavaIsraeri makumi manomwe. Munamate muri
chinhambwe, 2 asi Mozisi oga ndiye anofanira kuswedera kuna Jehovha;
vamwe havafaniri kuswedera pedyo. Uye vanhu havangakwiri naye.”

3 Mozisi akati aenda kundoudza vanhu mashoko ose nemirayiro yose
yaJehovha, ivo vakati nenzwi rimwe chete, “Tichaita zvinhu zvose
zvakarehwa naJehovha.” 4 Ipapo Mozisi akanyora zvinhu zvose zvakanga
zvarehwa naJehovha.
Akamuka mangwana acho mangwanani akavaka aritari mujinga
megomo uye akamisa mbiru dzamabwe gumi nembiri dzichimirira
marudzi gumi namaviri avaIsraeri. 5 Ipapo akatuma majaya avaIsraeri,
uye vakapa zvipiriso zvinopiswa uye vakabayira hando duku sezvipiriso
zvokuwadzana kuna Jehovha. 6 Mozisi akatora hafu yeropa akariisa
mumidziyo, uye imwe hafu akaisasa paaritari. 7 Ipapo akatora Bhuku
reSungano akariverengera vanhu. Ivo vakati, “Tichaita zvinhu zvose
zvakarehwa naJehovha; tichazviteerera.”
8 Ipapo Mozisi akatora ropa, akarisasa pamusoro pavanhu uye akati, “Iri
iropa resungano yaitwa naJehovha nemi maererano namashoko aya ose.”
9 Mozisi naAroni, Nadhabhi naAbhihu uye navakuru makumi manomwe
vavaIsraeri vakakwira 10 uye vakaona Mwari waIsraeri. Pasi petsoka
dzake pakanga pane chimwe chinhu chakaita sechivakwa chesafire,
chakanga chichionekwa sedenga pacharo. 11 Asi Mwari haana kusimudza
ruoko rwake pamusoro pavatungamiri vavaIsraeri ava; vakaona Mwari,
uye vakadya vakanwa.
12 Jehovha akati kuna Mozisi, “Kwira kuno kwandiri pamusoro pegomo
ugare pano, ndigokupa mahwendefa amabwe, ane mirayiro nemitemo
zvandanyora kuti varayirwe.”
13 Ipapo Mozisi akasimuka naJoshua mubatsiri wake, uye Mozisi
akakwira mugomo raMwari. 14 Akati kuvakuru, “Timirirei pano kusvikira
tadzoka kwamuri. Aroni naHuri vanemi, uye ani naani zvake anopesana
nomumwe anogona kuenda kwavari.”
15 Mozisi akati akwira mugomo, gore rakarifukidza, 16 uye kubwinya
kwaJehovha kwakagara pamusoro peGomo reSinai. Gore rakafukidza
gomo iro kwamazuva matanhatu, uye pazuva rechinomwe, Jehovha
akadana Mozisi ari mukati megore. 17 KuvaIsraeri, kubwinya kwaJehovha
kwairatidzika somoto unoparadza uri pamusoro pegomo. 18 Ipapo
akapinda mugore paakanga achikwira mugomo. Uye akagara mugomo
kwamazuva makumi mana nousiku huna makumi mana.

# 25

*Zvipiriso zveTabhenakeri*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 “Taurira vaIsraeri kuti vandivigire
chipiriso. Unofanira kugamuchira chipiriso changu kubva kumunhu upi
noupi anosundwa nomwoyo wake kuti ape.

3 “Izvi ndizvo zvipiriso zvaunofanira kugamuchira kubva
kwavari:

“goridhe, sirivha, ndarira;
4 wuru yebhuruu, pepuru netsvuku uye nemicheka yakaisvonaka;
makushe embudzi;
5 matehwe amakondobwe akapendwa zvitsvuku namatehwe emombe dzomugungwa;
matanda omuunga;
6 mafuta omuorivhi emwenje;

zvinonhuhwira zvemafuta okuzodza anonhuhwira uye nezvimwe zvinonhuhwira;
7 mabwe eonikisi nezvimwe zvinokosha zvinofanira kuiswa paefodhi napachidzitiro chechipfuva.

8 “Ipapo uite kuti vaite nzvimbo yangu tsvene, uye ini ndichagara
pakati pavo. 9 Muite tabhenakeri iyi nemidziyo yayo yose nomufananidzo
wandichakuratidza.

*Areka*

10 “Uite kuti vaite bhokisi ramatanda omuunga, rakareba makubhiti
maviri nehafu*, upamhi kubhiti nehafu†, uye kubhiti nehafu pakukwira.
11 Murifukidze negoridhe rakaisvonaka, mukati nokunze, uye muite
hata yegoridhe yakaripoteredza. 12 Muiumbire mhete ina dzegoridhe
mugodzisungira pamakumbo aro mana, nemhete mbiri pano rumwe
rutivi uye mhete mbiri kuno rumwe rutivi. 13 Ipapo mugoita matanda
omuunga uye negoridhe. 14 Muise matanda aya mukati memhete dziri
parutivi rwebhokisi kuti mutakure bhokisi nawo. 15 Matanda anofanira
kugara ari mumhete dzebhokisi iri; haafaniri kubviswa. 16 Ipapo mugoisa
muareka chipupuriro, chandichakupai.
17 “Muite chifunhiro chokuyananisa chegoridhe rakaisvonaka, makubhiti maviri nehafu‡ pakureba uye kubhiti nehafu§ paupamhi. 18 Uye muite
makerubhi maviri egoridhe rakapambadzirwa kumacheto echifunhiro.
19 Muite kerubhi rimwe chete kuno rumwe rutivi uye kerubhi rechipiri
kuno rumwe rutivi; muite bandi rimwe chete rekerubhi nechifukidzo,
pamativi maviri. 20 Mapapiro amakerubhi anofanira kutambanudzirwa
kumusoro, akafukidzira chifunhiro. Makerubhi anofanira kutarisana,
akatarira kuchifunhiro. 21 Muise chifunhiro pamusoro peareka uye
mugoisa muareka, Chipupuriro chandichakupai. 22 Ipapo, pamusoro
pechifunhiro chiri pakati pamakerubhi maviri ari pamusoro peareka
yeChipupuriro, ndichasangana newe ndigokupa mirayiro yangu yose
yavaIsraeri.

*Tafura*

23 “Uite tafura namatanda omuunga yakareba makubhiti maviri*,
kubhiti rimwe chete† paupamhi uye kubhiti nehafu‡ pakukwirira.
24 Muifukidzire negoridhe rakaisvonaka uye mugoipoteredza nezvakaumbwa zvegoridhe. 25 Uyewo uite vhiri rinoipoteredza rino upamhi
hwakaita sechanza choruoko§ ugoisa goridhe rakaumbwa pamusoro
pevhiri. 26 Uite mhete ina dzegoridhe dzetafura ugodzisungira kumakona
mana, pane makumbo ayo. 27 Mhete idzi dzinofanira kuva pedyo nevhiri
kuti dzibate matanda anoshandiswa kutakura tafura. 28 Uite matanda
omuunga, uafukidze negoridhe uye mugotakura tafura nawo. 29 Uye uite
ndiro dzayo namadhishi negoridhe rakaisvonaka, uyewo namatende ayo
nembiya dzokudirisa zvipiriso. 30 Uise chingwa choKuratidza patafura iyi
kuti chive pamberi pangu nguva dzose.

*Chigadziko choMwenje*

---

* **25:10** 25:10 mamita angaita 1.1 † **25:10** 25:10 0.7 yemita ‡ **25:17** 25:17 mamita angaita 1.1
§ **25:17** 25:17 0.7 yemita * **25:23** 25:23 0.9 yemita † **25:23** 25:23 0.5 yemita ‡ **25:23** 25:23
0.7 yemita § **25:25** 25:25 masendimita angaita 8

31 “Uite chigadziko chomwenje chegoridhe rakaisvonaka uye ugoipam-
badzira pasi payo pamwe chete nerwiriko rwayo; mbiya dzayo, mabukira
namaruva acho zvichava chinhu chimwe chete nacho. 32 Matavi matan-
hatu anofanira kutambarara achibva mumativi echigadziko chomwenje,
matatu kuno rumwe rutivi uye matatu kuno rumwezve. 33 Mikombe
mitatu yakaumbwa samaruva omuarimondi namabukira uye namaruva
zvinofanira kuva padavi rimwe chete, matatu kune rimwe davi, uye
zvimwe chetezvo kumativi matanhatu ose anotambarara kubva pachi-
gadziko chomwenje. 34 Uye pachigadziko chomwenje panofanira kuva
nemikombe mina yakaumbwa samaruva omuarimondi ane mabukira
namaruva. 35 Bukira rimwe chete richava pasi pamatavi maviri okutanga
anotambarara kubva pachigadziko chomwenje, bukira rechipiri riri pasi
pamamwe matavi maviri, uye bukira rechitatu riri pasi pamamwezve
pamatavi maviri, mativi ose ari matanhatu. 36 Mabukira namatavi achava
ebandi rimwe chete nechigadziko chomwenje, negoridhe rakaisvonaka
rakapambadzirwa.
37 “Ipapo ugoita mwenje yacho minomwe uye ugoigadzika pamusoro
pacho kuitira kuti zvigovhenekera nzvimbo iri mberi kwacho. 38 Mbato
dzacho nendiro dzacho zvinofanira kuva zvegoridhe rakaisvonaka.
39 Tarenda* regoridhe rakaisvonaka rinofanira kushandiswa pachigadziko
chomwenje nemimwe midziyo yose iyi. 40 Uone kuti wazviita zvichiender-
ana nomufananidzo wawakaratidzwa pagomo.

# 26

*Tabhenakeri*

1 “Uite tabhenakeri nezvidzitiro gumi zvomucheka wakarukwa
zvakaisvonaka, nowebhuruu, pepuru nomutsvuku, namakerubhi
akasonerwa mairi nemhizha dzamabasa amaoko. 2 Zvidzitiro zvose
zvinofanira kuva zvakaenzana, zvakareba makubhiti makumi maviri
namasere* uye makubhiti mana† paupamhi. 3 Ubatanidze zvidzitiro
zvishanu pamwe chete, ugoita zvimwe chetezvo nezvimwe zvishanu.
4 Uite zvishwe zvomucheka webhuruu kurutivi rwokumucheto
wechidzitiro zvakabatanidzwa pamwe chete, uye ugoita zvimwe chete
nechidzitiro chokumucheto mune zvimwe zvakabatanidzwa. 5 Uite
zvishwe makumi mashanu pachidzitiro chimwe chete uye makumi
mashanu ezvishwe pamucheto wechidzitiro chezvimwe zvakabatanidzwa,
zvishwe zvitarisane chimwe nechimwe. 6 Ipapo ugoita zvikoreko
zvegoridhe makumi mashanu uye uzvishandise kubatanidza zvidzitiro
pamwe chete kuitira kuti tabhenakeri ive chinhu chimwe.
7 “Uite zvidzitiro zvamakushe embudzi zvetende riri pamusoro petab-
henakeri, zvose zvive gumi nerimwe pamwe chete. 8 Zvidzitiro zvose
zviri gumi nerimwe zvinofanira kuenzana, makubhiti makumi matatu‡
pakureba uye makubhiti mana§ paupamhi. 9 Ubatanidze zvidzitiro
zvishanu pamwe chete zviite chinhu chimwe chete uye zvimwe zvitanhatu
zvivewo chinhu chimwe chete. Upete chidzitiro chechitanhatu kaviri pam-
beri petende. 10 Uite zvishwe makumi mashanu pamupendero wechidzi-
tiro chokumucheto zvakabatanidzwa uyewo pamupendero wechidzitiro

* 25:39 25:39 makirogiramu angaita 34 * 26:2 26:2 mamita angaita 13 † 26:2 26:2 mamita angaita 1.8 ‡ 26:8 26:8 mamita angaita 13.5 § 26:8 26:8 mamita angaita 1.8

chokumucheto kwezvimwe zvakabatanidzwa. 11 Ipapo ugoita zviko-
rekedzo zvendarira makumi mashanu ugozviisa muzvishwe kuti zvi-
batanidze tende pamwe chete chigova chinhu chimwe chete. 12 Kana zviri
zvokuwedzera urefu hwezvidzitiro zvetende, hafu yechidzitiro inenge
yasara inofanira kurembera necheshure kwetabhenakeri. 13 Zvidzitiro
zvetende zvinofanira kurebesa nekubhiti rimwe chete* pamativi ose ari
maviri; zvinenge zvasara zvinofanira kurembera pamativi etabhenakeri
kuti zvigoifukidza. 14 Uite chifukidzo chetende chamatehwe amakon-
dobwe akapendwa nezvitsvuku, uye pamusoro paizvozvo chifukidzo
chamatehwe emombe dzomugungwa.

15 "Uitire tabhenakeri mapuranga akati twi amatanda omuunga.
16 Puranga rimwe nerimwe rinofanira kureba makubhiti gumi† uye kub-
hiti nehafu‡ paupamhi, 17 nembambo mbiri dzakamiswa dzakatarisana.
Uite mapuranga ose etabhenakeri nenzira iyoyi. 18 Uite mapuranga
makumi maviri okurutivi rwezasi rwetabhenakeri 19 uye uite zvigadziko
zvesirivha makumi mana kuti zvive pasi pawo, zvigadziko zviviri papu-
ranga rimwe nerimwe, chimwe chete pasi pembambo imwe neimwe.
20 Kuno rumwe rutivi, rwokumusoro kwetabhenakeri, uite mapuranga
makumi maviri, 21 uye zvigadziko zvesirivha makumi mana. Zviviri
zviri pasi pepuranga rimwe nerimwe. 22 Uite mapuranga matanhatu
kurutivi rwokumucheto cheto, ndiko kumavirira etabhenakeri, 23 uye uite
mapuranga maviri amakona okumucheto cheto. 24 Pamakona maviri
aya, anofanira kuva maviri maviri kubva pasi kusvikira kumusoro,
uye agadzikwe mumhete imwe chete; ose ari maviri ngaave saizvozvo.
25 Saka pachava namapuranga masere uye zvigadziko zvesirivha gumi
nezvitanhatu, zviviri pasi pepuranga rimwe nerimwe.

26 "Uyewo uite mbariro dzamatanda omuunga: shanu dzamapuranga
okuno rumwe rutivi rwetabhenakeri, 27 shanu dzaaya ari pano rumwe
rutivi, uye shanu dzamapuranga okumavirira, kumucheto cheto kwetab-
henakeri. 28 Mbariro yapakati inofanira kutandavara kubva kumucheto
kusvikira kuno mumwe mucheto napakati pamapuranga. 29 Ufukidze ma-
puranga negoridhe uye ugoita mhete dzegoridhe kuti dzigobata mbariro.
Uyewo ufukidze mbariro negoridhe.

30 "Umise tabhenakeri maererano nomufananidzo wawakaratidzwa
mugomo.

31 "Uite chidzitiro chebhuruu, nechepepuru nechitsvuku chomucheka
wakarukwa zvakaisvonaka, namakerubhi akasonerwapo nenyanzvi yoku-
sona. 32 Urirembedze nezvikorekedzo zvegoridhe pamatanda mana
omuunga akafukidzwa negoridhe uye amire pamusoro pezvigadziko
zvina zvesirivha. 33 Urembedze chidzitiro pazvikorekedzo uye ugo-
isa areka yeChipupuriro shure kwechidzitiro. Chidzitiro ichi chicha-
paradzanisa NZVIMBO TSVENE NEVNZVIMBO TSVENE-TSVENE. 34 Uise chi-
fukidziro chokuyananisa pamusoro peareka yeChipupuriro iri MUNZVIMBO
TSVENE-TSVENE. 35 Uise tafura kunze kwechidzitiro nechokumusoro
kwetabhenakeri ugogadzika chigadziko chomwenje chakatarisana nayo
nechezasi.

* **26:13** 26:13 0.5 yemita † **26:16** 26:16 mamita angaita 4.5 ‡ **26:16** 26:16 0.7 yemita

36 “Pamukova wokupinda mutende uite chidzitiro chewuru yebhuruu,
pepuru netsvuku uye nomucheka wakarukwa zvakaisvonaka, basa ro-
musoni anogona. 37 Uite zvikorekedzo zvegoridhe zvechidzitiro ichi uye
matanda mashanu omuunga akafukidzwa negoridhe. Uye uaumbire
zvigadziko zvishanu zvendarira.

# 27

### *Aritari yeZvipiriso Zvinopiswa*

1 “Uvake aritari yamatanda omuunga, makubhiti matatu* pakukwirira
kwayo; inofanira kuva namativi mana akaenzana, kureba kwayo makub-
hiti mashanu† uye upamhi hwayo makubhiti mashanu. 2 Uite runyanga
pamakona ayo mana, kuti nyanga nearitari zvive chinhu chimwe, uye
ufukidze aritari nendarira. 3 Uite midziyo yayo yose nendarira, hari dzayo
dzokubvisisa madota, uye foshoro dzayo, mbiya dzokusasa nadzo, zvibay-
iso zvenyama nemakango apamoto. 4 Uyiitire chiparo, sefa yendarira,
uye ugoita mhete yendarira pakona imwe neimwe yesefa. 5 Uchiise pasi
pechitsiko chearitari kuitira kuti chive pakati nepakati pearitari. 6 Uitire
aritari matanda omuunga uye ugoafukidza nendarira. 7 Matanda aya
anofanira kupinzwa mukati memhete kuti agova kumativi maviri earitari
painenge yotakurwa. 8 Uite aritari namapuranga, isina chinhu mukati
mayo. Inofanira kugadzirwa sokuratidzwa kwawakaitwa pagomo.

### *Ruvazhe*

9 “Uitire tabhenakeri ruvazhe. Rutivi rwezasi runofanira kureba
makubhiti zana‡ uye runofanira kuva nezvidzitiro zvakarembedzwa
zvomucheka wakarukwa zvakaisvonaka, 10 namatanda makumi maviri
uye zvigadziko zvendarira makumi maviri uye zvikorekedzo zvesirivha
nezvisungo pamatanda. 11 Rutivi rwokumusoro rucharebawo makubhiti
zana uye runofanira kuva nezvidzitiro zvakarembedzwa, namatanda
makumi maviri, nezvigadziko zvendarira makumi maviri, uye zviko-
rekedzo zvesirivha nezvisungo pamatanda.
12 “Kumucheto kworuvazhe, nechokumavirira, kunofanira kuva
noupamhi hwamakubhiti makumi mashanu§ uye zvidzitiro zvakarem-
bedzwa, namatanda gumi uye zvigadziko gumi. 13 Kumucheto ne-
chokumabvazuva kwakatarisana nokunobuda nezuva, upamhi hworu-
vazhe hunofanira kuva makubhiti makumi mashanu. 14 Zvidzitiro
zvakareba makubhiti gumi namashanu* zvinofanira kuva kuno rumwe
rutivi rwomukova, namatanda matatu nezvigadziko zvitatu, 15 uye
zvimwe zvidzitiro zvakareba makubhiti gumi namashanu ngazvivewo
kuno rumwe rutivi, namatanda matatu nezvigadziko zvitatuwo.
16 “Pamukova wokupinda muruvazhe, uise chidzitiro chakareba makub-
hiti makumi maviri†, chewuru yebhuruu, yepepuru netsvuku uye
nomucheka wakarukwa zvakaisvonaka, basa romusoni anogona, na-
matanda mana uyewo zvigadziko zvina. 17 Matanda ose akapoteredza
ruvazhe anofanira kuva nezvisungiso zvesirivha nezvikorekedzo, uye

---

* **27:1** 27:1 mamita angaita 1.4 † **27:1** 27:1 mamita angaita 2.3 ‡ **27:9** 27:9 mamita angaita 46, uyewo nomundima 11 § **27:12** 27:12 mamita angaita 23, uyewo nomundima 13 * **27:14** 27:14 mamita angaita 6.9, uyewo nomundima 15 † **27:16** 27:16 mamita angaita 9

zvigadziko zvendarira. 18 Ruvazhe ruchareba makubhiti zana‡ uye makub-
hiti makumi mashanu§ paupamhi, nezvidzitiro zvemicheka yakarukwa
zvakaisvonaka yakareba makubhiti mashanu*, uye nezvigadziko zven-
darira. 19 Mimwe midziyo inoshandiswa paushumiri hwetabhenakeri,
ringava basa ripi zvaro, kusanganisira mbambo dzose dzetende neiya
yomuruvazhe, inofanira kuva yendarira.

*Mafuta eChigadziko choMwenje*

20 "Urayire vaIsraeri kuti vakuvigire mafuta omuorivhi akachena,
akasvinwa omwenje, kuitira kuti mwenje irambe ichipfuta. 21 MuTende
Rokusangana, kunze kwechidzitiro chiri pamberi peChipupuriro, Aroni
navanakomana vake vanofanira kurega mwenje ichiramba ichipfuta
pamberi paJehovha, kubva madekwana kusvikira mangwanani. Uyu
unofanira kuva mutemo usingaperi pakati pavaIsraeri nokuzvizvarwa
zvinotevera.

# 28

*Nguo dzoUprista*

1 "Uite kuti Aroni mukoma wako pamwe chete navanakomana vake
vanoti Nadhabhi naAbhihu, Ereazari naItamari vauyiswe kwandiri kubva
pakati pavaIsraeri kuti vandishumire savaprista. 2 Uitire mukoma
wako nguo tsvene, kuti apiwe ruremekedzo uye kukudzwa. 3 Utaurire
varume voumhizha vose vandakapa uchenjeri hwokuita zvakadaro kuti
vanofanira kusonera Aroni nguo, dzokutsaurwa kwake, kuti agondishu-
mira somuprista. 4 Idzi ndidzo nguo dzavanofanira kuita: chidzi-
tiro chapachipfuva, efodhi, jasi, nenguo yakarukwa, nguwani nendaza.
Vanofanira kuitira mukoma wako Aroni navanakomana vake, nguo tsvene
idzi. 5 Uvaite kuti vashandise wuru yegoridhe, nebhuruu, pepuru
netsvuku uye mucheka wakaisvonaka.

*Efodhi*

6 "Vaite efodhi yewuru yegoridhe, nebhuruu, pepuru netsvuku, no-
mucheka wakarukwa zvakaisvonaka, basa romunhu ano umhizha.
7 Ngaive namapenga maviri apamapfudzi akabatanidzwa pamakona ayo
maviri, kuitira kuti igogona kubatanidzwa. 8 Bhanhire rayo rakarukwa
noumhizha rinofanira kufanana nayo, rive rebenga rimwe chete neefodhi
uye rakagadzirwa newuru yegoridhe, nebhuruu, pepuru netsvuku, uye
nomucheka wakarukwa zvakaisvonaka.
9 "Utore mabwe maviri eonikisi ugonyora runyoro rwakatemwa pamu-
soro pawo mazita avanakomana vaIsraeri 10 zvichienderana nokuberekwa
kwavo, mazita matanhatu padombo rimwe chete uye mamwe matanhatu
asara anyorwe pane rimwe dombo. 11 Nyora mazita avanakomana
vaIsraeri pamatombo maviri nenzira inoitwa nomuvezi wamatombo
achitema runyoro pachisimbiso. Ipapo ugoamisa muzvirukwa zveg-
oridhe 12 uye ugoasungirira pamapenga apapfudzi eefodhi ave matombo
echirangaridzo kuvana vaIsraeri. Aroni anofanira kutakura mazita aya
pamapfudzi ake chive chirangaridzo pamberi paJehovha. 13 Uite zvirukwa
zvegoridhe 14 uye nengetani mbiri dzakarukwa setambo negoridhe
rakaisvonaka, ugobatanidza ngetani nezvirukwa.

‡ **27:18** 27:18 mamita angaita 46 § **27:18** 27:18 mamita angaita 23 * **27:18** 27:18 mamita angaita 2.3

*Chidzitiro chapaChipfuva*

15 "Uite chidzitiro chapachipfuva chokutanga, basa romunhu
woumhizha. Uchiite chifanane neefodhi yewuru yegoridhe,
nebhuruu, pepuru netsvuku, uye mucheka wakarukwa zvakaisvonaka.
16 Ngachienzane mativi ose ari mana, kureba kwacho sechanza choruoko*
uye upamhi hwakaita sechanza choruoko, uye chipetwe kaviri. 17 Ipapo
uronge mitsara mina yamatombo anokosha pamusoro pacho. Mumutsara
wokutanga muchava nerubhi, netopazi uye bheriri; 18 mumutsara
wechipiri muchava neturikoisi, safire neemaradhi; 19 mumutsara
wechitatu muchava nejasindi, agati neametisiti; 20 mumutsara wechina
muchava nekirisoriti, onekisi uye nejasipa. Uaise muzvirukwa zvegoridhe.
21 Panofanira kuva namatombo gumi namaviri, rimwe chete richimirira
zita rimwe nerimwe ravanakomana vaIsraeri, rimwe nerimwe rakatemwa
runyoro padombo sezvinoita chisimbiso chezita romumwe wavamarudzi
gumi namaviri.

22 "Uite ngetani dzechidzitiro chapachipfuva dzakarukwa negoridhe
rakaisvonaka, uzvimone setambo. 23 Uite mhete mbiri dzegoridhe
ugodzisungirira pamakona maviri echidzitiro chapachipfuva.
24 Usungirire ngetani mbiri dzegoridhe pamhete dziri pamakona
echidzitiro chapachipfuva, 25 nemimwe micheto yengetani inoenda
kuzvirukwa zviviri uchizvibatanidza, kuzvipenga zvapamapfudzi
zveefodhi nechokumberi. 26 Uite mhete mbiri dzegoridhe ugodzibatanidza
kuna mamwe makona echidzitiro chapachipfuva pamupendero
wechomukati kunotevererana neefodhi. 27 Uitezve dzimwe mhete
dzegoridhe ugodzibatanidza pasi pemapenga apamapfudzi nechokumberi
kweefodhi, pedyo nomusono uri nechapamusoro pebhanhire romuchiuno
reefodhi. 28 Mhete dzepachidzitiro chechipfuva dzinofanira kusungirirwa
pamhete dzeefodhi netambo yebhuruu, dzichibatanidzwa nebhanhire
romuchiuno, kuitira kuti chidzitiro chapachipfuva chirege kubva
paefodhi.

29 "Nguva dzose Aroni paanenge achipinda muNzvimbo Tsvene, achange
akatakura mazita avanakomana vaIsraeri pamwoyo wake pachidzitiro
chechipfuva chokutonga sechirangaridzo chenguva dzose pamberi paJe-
hovha. 30 Uyezve uise Urimi neTumimi muchidzitiro chechipfuva, kuitira
kuti vagare vari pamwoyo waAroni pose paanenge achipinda pamberi
paJehovha. Nokudaro Aroni acharamba akatakura zvinhu zvokutonga
nazvo vaIsraeri pamwoyo wake pamberi paJehovha.

*Dzimwe Nguo dzoUprista*

31 "Uite jasi rose zvaro reefodhi nomucheka webhuruu, 32 neburi
romusoro pakati paro. Panofanira kuzova nomupendero wakarukwa
wakaita sekora unopoteredza buri iri, kuitira kuti rirege kubvaruka.
33 Uite matamba ewuru yebhuruu, yepepuru netsvuku akapoteredza
mupendero wejasi, namatare egoridhe pakati pawo. 34 Matare egoridhe
namatamba zvinofanira kukayana zvichipoteredza mupendero wejasi.
35 Aroni anofanira kuripfeka paanenge achishumira. Kurira kwamatare
kuchanzwikwa paanenge achipinda muNzvimbo Tsvene pamberi paJe-
hovha uye nepaanenge achibuda, kuitira kuti arege kufa.

* **28:16** 28:16 masendimita angaita 23

36 “Uite ndiro yegoridhe ugotema runyoro pairi sezvinoitwa pachisim-
biso kuti: MUTSVENE KUNA JEHOVHA. 37 Usungire tambo yebhuruu
pairi kuti ibatanidzwe nenguwani; inofanira kuva mberi kwenguwani.
38 Ichava pahuma yaAroni, uye iye achatakura mhosva dzingava pazvipo
zvitsvene zvinotsaurwa navaIsraeri, zvingava zvipo zvipi hazvo. Zvichava
pahuma yaAroni nguva dzose kuitira kuti zvigamuchirwe naJehovha.
39 “Uruke jasi romucheka wakaisvonaka ugoita nguwani yomucheka
wakaisvonaka. Ndaza inofanira kuva basa romuruki. 40 Uite majasi,
ndaza namabhanhire omumusoro avanakomana vaAroni, kuti vapiwe
ruremekedzo nokukudzwa. 41 Shure kwokunge wapfekedza mukoma
wako Aroni navanakomana vake, uvazodze uye ugovagadza. Uvatsaure
kuti vagondishumira savaprista.
42 “Uite nguo dzapasi dzomucheka dzive chifukidzo chomuviri, dzinobva
muchiuno kusvikira kumabvi. 43 Aroni navanakomana vake vanofanira
kudzipfeka pose pavanenge vachipinda muTende roKusangana kana
kuswedera paaritari kuti vashumire vari muNzvimbo Tsvene, kuitira kuti
varege kuva nemhosva vakafa.
“Uchava mutemo wokusingaperi kuna Aroni nezvizvarwa zvake.

# 29

*Kunatswa kwaVaprista*
1 “Izvi ndizvo zvaunofanira kuita kuti uvanatse, kuti vandishumire
savaprista: Utore hando duku namakondobwe maviri asina chinongo.
2 Uye ubike chingwa noupfu hwakatsetseka hwegorosi, husina mbiriso,
uye ubike makeke akavhenganiswa namafuta, nezvingwa zvitete zvaka-
zorwa mafuta. 3 Uzviise mudengu uye ugozvikumikidza zviri imomo,
pamwe chete nehando uye makondobwe maviri. 4 Ipapo ugouya naAroni
navanakomana vake kumukova wokupinda nawo kuTende Rokusangana
ugovashambidza nemvura. 5 Tora hanzu ugopfekedza Aroni jasi, nguo
yeefodhi neefodhi pachayo uye nechidzitiro chapachipfuva. Usungire
efodhi paari nebhanhire romuchiuno rakarukwa nounyanzvi. 6 Uise
nguwani pamusoro wake uye ugoibatanidza nekorona tsvene. 7 Utore
mafuta okuzodza ugomuzodza uchiita zvokuadira pamusoro pake. 8 Uye
vanakomana vake ugovapfekedza majasi 9 uye ugoisa mabhanhire omu-
musoro pamusoro pavo. Ipapo ugosungira ndaza pana Aroni navanako-
mana vake. Uprista ndohwavo nomutemo usingaperi. Nenzira iyi
uchagadza Aroni navanakomana vake.
10 “Uuye nehando pamberi peTende Rokusangana, uye Aroni navanako-
mana vake vachaisa maoko avo pamusoro payo. 11 Uiuraye pamberi
pomukova wokupinda kuTende Rokusangana. 12 Utore rimwe reropa
rehando ugoriisa panyanga dzearitari nomunwe wako, uye ugodira rasara
racho pahwaro hwearitari. 13 Ipapo ugotora mafuta ose akapoteredza
zvomukati, zvinoti chiropa, neitsvo dziri mbiri namafuta ari pamusoro
padzo, ugoapisa pamusoro pearitari. 14 Asi upise nyama yehando nedehwe
rayo namazvizvi ayo kunze kwomusasa. Ndicho chipiriso chechivi.
15 “Utore rimwe regondobwe, uye Aroni navanakomana vake vagoisa
maoko avo pamusoro paro. 16 Uriuraye ugotora ropa raro urisase
pamativi ose earitari. 17 Ucheke gondobwe kuita muzvidimbu zvidimbu
uye ugosuka zvomukati, uye makumbo, uchiaisa pamwe chete nomusoro
nezvimwe zvidimbu. 18 Ipapo ugopisa gondobwe rose paaritari. Ndicho

chipiriso chinopiswa kuna Jehovha, chinonhuhwira zvinofadza, chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto.

19 "Utore rimwe gondobwe, uye Aroni navanakomana vake vachaisa
maoko avo pamusoro waro. 20 Uriuraye, utore rimwe ropa raro ugoriisa
pamucheto wenzeve dzorudyi dzavanakomana vaAroni, napazvigunwe
zvikuru zvamaoko avo orudyi, nokuzvigunwe zvikuru zvokutsoka dzavo
dzorudyi. Ipapo ugosasa ropa pamativi ose earitari. 21 Uye ugotora
rimwe ropa riri paaritari namamwe mafuta okuzodza usase pana Aroni
napanguo dzake uye napavanakomana vake napanguo dzavo. Ipapo iye
navanakomana vake nenguo dzavo vachanatswa.

22 "Utore pagondobwe iri mafuta, mafuta apamuswe, mafuta
akapoteredza zvomukati, akafukidza chiropa, itsvo dzose dziri mbiri
namafuta ari padziri, uye nechidya chokurudyi. (Iri ndiro gondobwe
rokugadzwa.) 23 Kubva padengu rechingwa chakabikwa chisina mbiriso,
chiri pamberi paJehovha, utore chimwe chete, nekeke rakavhenganiswa
namafuta, uye nechingwa chitete. 24 Uise izvi zvose mumaoko aAroni
navanakomana vake ugozvininira pamberi paJehovha sechipiriso
chokuninira. 25 Ipapo uzvitore kubva mumaoko avo ugozvipisa paaritari
pamwe chete nechipiriso chinopiswa chinonhuhwira zvinofadza kuna
Jehovha, chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto. 26 Shure kwokunge
watora chityu chegondobwe rokugadzwa kwaAroni, uchininire pamberi
paJehovha sechipiriso chokuninira uye chichava mugove wako.

27 "Unatse mitezo iyo yegondobwe rokugadza raAroni navanakomana
vake: chityu chakanininirwa uye chakakumikidzwa. 28 Uyu unofanira kuva
mugove wenguva dzose unobva kuvaIsraeri, waAroni navanakomana
vake. Uyu ndiwo mugove unofanira kupiwa navaIsraeri kuna Jehovha
kubva pazvipiriso zvavo zvokuwadzana.

29 "Nguo tsvene dzaAroni dzichava dzezvizvarwa zvake kuitira
kuti vazodzwe uye vagogadzwa vakadzipfeka. 30 Mwanakomana
wake achamutevera auprista uye anouya kuTende Rokusangana kuti
azoshumira ari muNzvimbo Tsvene, anofanira kudzipfeka kwamazuva
manomwe.

31 "Utore gondobwe rokugadzwa ugobika nyama yaro munzvimbo
tsvene. 32 Aroni navanakomana vake vanofanira kudya nyama yegondo-
bwe uye nechingwa chiri mudengu vari pamukova wokupinda paTende
Rokusangana. 33 Vanofanira kudya zvipiriso izvi zvavakaitirwa yananiso
yokugadzwa kwavo uye nokunatswa kwavo nazvo. Asi hakuna mumwe
munhu anofanira kuzvidya nokuti zvitsvene. 34 Uye kana pakava nenyama
yegondobwe rokugadzwa inosara kana chingwa chipi zvacho chinosara
kusvikira mangwana mangwanani, muzvipise. Hazvifaniri kudyiwa,
nokuti zvitsvene.

35 "Uitire Aroni navanakomana vake zvinhu zvose zvandakakurayira,
uchitora mazuva manomwe okuvagadza. 36 Ubayire hando zuva rimwe
nerimwe sechipiriso chechivi chive chokuyananisa. Unatse aritari nokui-
itira yananiso, uye ugoizodza kuti uiite tsvene. 37 Mazuva manomwe
uyananisire aritari uye uinatse. Ipapo aritari ichava tsvene-tsvene, uye
chose chichaigunzva chichava chitsvene.

38 "Izvi ndizvo zvaunofanira kupa paaritari nguva dzose zuva rimwe
nerimwe: makwayana maviri egore rimwe chete. 39 Ubayire rimwe chete
mangwanani uye nerimwe chete madekwana. 40 Negwayana rokutanga

ubayire nechegumi cheefa* choupfu hwakatsetseka hwakasanganiswa
nechikamu chimwe chete kubva muzvina chehini† chamafuta akabva
mumaorivhi akasvinwa, uye chikamu chimwe chete kubva muzvina
chehini yewaini chive chipiriso chinonwiwa. 41 Ubayire rimwe gwayana
zuva richangovira pamwe chete nechipiriso chimwe chetecho chezviyo
nechipiriso chacho chinonwiwa sechamangwanani, chive chinonhuhwira
zvinofadza, chipiriso chakaitirwa Jehovha nomoto.
42 "Chipiriso chinopiswa ichi chinofanira kuitwa nguva dzose pa-
mukova weTende Rokusangana pamberi paJehovha kuzvizvarwa zvose.
43 Ipapo ndipo pandichasangana newe uye ndigotaura kwauri, ndipozve
pandichasangana navaIsraeri, uye nzvimbo iyi ichatsaurwa nokubwinya
kwangu.
44 "Saka ndichatsaura Tende Rokusangana nearitari uye ndichatsaura
Aroni navanakomana vake kuti vandishumire savaprista. 45 Ipapo
ndichagara pakati pavaIsraeri uye ndigova Mwari wavo. 46 Vachaziva
kuti ndini Jehovha Mwari wavo, akavabudisa kubva muIjipiti kuitira kuti
ndigogara pakati pavo. Ndini Jehovha Mwari wavo.

# 30

*Aritari yeZvinonhuhwira*

1 "Uite aritari yokupisira zvinonhuhwira namatanda omuunga.
2 Inofanira kuenzana mativi ayo ose ari mana, yakareba kubhiti rimwe
chete* uye kubhiti rimwe chete paupamhi, uye kukwirira kwayo makub-
hiti maviri†, nyanga dzayo dzive chinhu chimwe chete nayo. 3 Ufukidze
pamusoro payo namativi ose uye nenyanga dzayo negoridhe rakaisvon-
aka, 4 uye uite hata mbiri kumativi akatarisana. Kuti dzibate mapango
anoshandiswa kuitakura. 5 Uite mapango aya nomuti womuunga uye
uafukidze negoridhe. 6 Uise aritari mberi kwechidzitiro chiri pamberi
peareka yeChipupuriro, pamberi pechifunhiro chokuyananisa chiri pamu-
soro peChipupuriro, pandichasangana newe.
7 "Aroni anofanira kupisa zvinonhuhwira pamusoro pearitari mang-
wanani oga oga paanogadzira mwenje. 8 Anofanira kupisazve zvinon-
huhwira paanenge achitungidza mwenje zuva richangovira saka zvinon-
huhwira zvinofanira kupiswa nguva dzose pamberi paJehovha kusvikira
kuzvizvarwa zvinotevera. 9 Musapisira pamusoro pearitari iyi zvimwewo
zvazvo zvinonhuhwira kana zvipiriso zvipi zvazvo zvinopiswa kana
zvipiriso zvezviyo, uye musadururire chipiriso chinonwiwa pamusoro
payo. 10 Aroni achaita yananiso panyanga idzi kamwe chete pagore.
Yananiso yapagore iyi inofanira kuitwa neropa rokuyananisa rechipiriso
chechivi kusvikira kuzvizvarwa zvinotevera. Chitsvene-tsvene kuna
Jehovha."

*Mari yeYananiso*

11 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 12 "Paunoverenga vaIsraeri kuti
uvanyore, mumwe nomumwe anofanira kupa Jehovha rudzikinuro
rwoupenyu hwake panguva yaanoverengwa. Ipapo hapana denda
richazouya pamusoro pavo paunovaverenga. 13 Mumwe nomumwe
anoyambukira kuna avo vatoverengwa anofanira kupa hafu yeshekeri‡,

* **29:40** 29:40 marita angaita 2 † **29:40** 29:40 rita * **30:2** 30:2 0.5 yemita † **30:2** 30:2 0.9
yemita ‡ **30:13** 30:13 magiramu angaita 6, uyewo nomundima 15

zvichienderana neshekeri renzvimbo tsvene, rinorema magera makumi
maviri. Hafu yeshekeri iyi chipiriso kuna Jehovha. 14 Vose vanoyambuka,
vaya vana makore makumi maviri kana anopfuura iwayo, vanofanira
kupa chipiriso kuna Jehovha. 15 Vapfumi havafaniri kupa zvinopfuura
hafu yeshekeri uye varombo havafaniri kupa zvishoma pamunoita
chipiriso kuna Jehovha kuti muyananiswe upenyu hwenyu. 16 Ugamuchire
mari yeyananiso kubva kuvaIsraeri ugoishandisa paushumiri hweTende
Rokusangana. Chichava chirangaridzo kuvaIsraeri pamberi paJehovha,
muchiyananisira upenyu hwenyu."

### *Mudziyo woKushambira*

17 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 18 "Uite mudziyo wokushambira
wendarira, nechigadziko chawo chendarira. Ugouisa pakati peTende
Rokusangana nearitari uye ugoisa mvura mauri. 19 Aroni navanako-
mana vake vanofanira kushamba maoko avo netsoka dzavo nemvura.
20 Pose pavachapinda muTende Rokusangana vachashamba kuitira kuti
varege kufa. Uyezve, pavanoswedera paaritari kuti vazoshumira nokupa
chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto, 21 vachashamba maoko avo netsoka
dzavo kuitira kuti varege kufa. Uyu unofanira kuva mutemo usingaperi
waAroni nezvizvarwa zvake kusvikira kuzvizvarwa zvinotevera."

### *Mafuta oKuzodza*

22 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 23 "Tora zvinonhuhwira zvinotevera
izvi: mazana mashanu amashekeri§ emura inoerera, hafu yakadaro
(ndiwo mazana maviri namakumi mashanu amashekeri) ezvinonhuhwira
zvesinamoni, mazana maviri namakumi mashanu enzimbe, 24 mashekeri
omuunga mazana mashanu, zvose zvichienderana neshekeri renzvimbo
tsvene, nehini* yamafuta omuorivhi. 25 Vhenganisa izvi kuti zvive mafuta
matsvene okuzodza, anonhuhwira akavhenganiswa, basa romuvhengan-
isi wezvinonhuhwira. Achava mafuta matsvene okuzodza. 26 Ipapo
ugoashandisa kuzodza Tende Rokusangana, neareka yeChipupuriro,
27 tafura nemidziyo yayo yose, chigadziko chomwenje nenhumbi dza-
cho dzose, aritari yezvinonhuhwira, 28 aritari yezvipiriso zvinopiswa
nemidziyo yayo, uye mudziyo wokushambira nechigadziko chawo.
29 Unofanira kuzvitsaura kuti zvigova zvitsvene-tsvene, uye zvose zvic-
hazvigunzva zvichava zvitsvene.

30 "Uzodze Aroni navanakomana vake uye uvatsaure kuitira kuti
vagondishandira savaprista. 31 Uti kuvaIsraeri, 'Aya achava mafuta angu
matsvene okuzodza kuzvizvarwa zvinotevera. 32 Musaadira pamiviri
yavanhu uye musaita mafuta api zvawo nenzira imwe cheteyo. Matsvene,
uye munofanira kuaita matsvene. 33 Ani naani anoita mafuta anonhuh-
wira akafanana nawo uye ani naani anoaisa pamunhu upi zvake kunze
kwomuprista anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake.' "

### *Zvinonhuhwira*

34 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Tora zvinonhuhwira zvinoti
sitaketi, onika negaribhanamu, uye zvinonhuhwira zvakaisvonaka, zvose
zvakaenzana, 35 uye ugoita zvinonhuhwira zvakavhenganiswa, basa
romuvhenganisi wezvinonhuhwira. Zvinofanira kurungwa nomunyu,

---

§ **30:23** 30:23 makirogiramu angaita 6 * **30:24** 30:24 marita angaita 4

uye zvitsvene. 36 Ukuye zvimwe zvacho zvive upfu ugozviisa pam-
beri peChipupuriro chiri muTende Rokusangana, umo mandichasangana
newe. Zvichava zvitsvene-tsvene kwauri. 37 Usazviitira zvinonhuhwira
zvipi zvazvo nenzira imwe cheteyo; uzvicherechedze kuti zvitsvene kuna
Jehovha. 38 Ani naani achaita chipi zvacho chakafanana nacho kuti
afadzwe nokunhuhwira kwacho, anofanira kubviswa pakati pavanhu
vokwake."

# 31

*Bhezareri naOhoriabhu*

1 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Tarira ndasarudza Bhezareri
mwanakomana waUri, mwanakomana waHuri, worudzi rwaJudha, 3 uye
ndamuzadza noMweya waMwari, nouchenjeri, nokugona nokuziva
mhando dzose dzoumhizha, 4 kuita unyanzvi hwebasa regoridhe, sirivha
nendarira, 5 kuveza nokuronga mabwe, kushanda pabasa rokuveza
matanda, nokubata mumhando dzose dzoumhizha. 6 Pamusoro paizvozvo
ndakagadza Ohoriabhi mwanakomana waAhisamaki, worudzi rwaDhani,
kuti amubatsire.

"Uyezve ndapa unyanzvi kumhizha kuti vaite zvinhu zvose zvandakakurayira zvinoti:

7 "Tende Rokusangana,
areka yeChipupuriro ine chifukidzo chokuyananisa pamusoro payo,
nenhumbi dzose dzetende,
8 tafura nemidziyo yayo,
chigadziko chomwenje chegoridhe rakaisvonaka nenhumbi dzacho dzose,
aritari yezvinonhuhwira,
9 aritari yezvipiriso zvinopiswa nemidziyo yayo dzose,
mudziyo wokushambira nechigadziko chawo,
10 uyewo nguo yakarukwa,
dzose nguo tsvene dzaAroni muprista uye
nenguo dzavanakomana vake pavanoshumira savaprista,
11 namafuta okuzodza uye nezvinonhuhwira kwazvo zveNzvimbo Tsvene.

"Vanofanira kudzigadzira sezvandakakurayira iwe."

*Sabata*

12 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 13 "Uti kuvaIsraeri, 'Munofanira
kucherechedza Sabata rangu. Ichi ndicho chichava chiratidzo pakati
pangu nemi kuzvizvarwa zvinotevera, kuti mugoziva kuti ndini Jehovha,
anokuitai vatsvene.
14 " 'Cherechedzai Sabata, nokuti idzvene kwamuri. Munhu upi
zvake anorizvidza anofanira kuurayiwa; ani naani anobata basa ripi
zvaro pazuva iroro anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake.
15 Kwamazuva matanhatu, basa rinofanira kuitwa, asi zuva rechi-
nomwe iSabata rokuzorora, idzvene kuna Jehovha. Ani naani anoita
basa ripi zvaro nomusi weSabata anofanira kuurayiwa. 16 VaIsraeri
vanofanira kucherechedza Sabata, vachiripemberera kusvikira kuzviz-
varwa zvinotevera sesungano isingaperi. 17 Richava chiratidzo pakati

pangu navaIsraeri nokusingaperi, nokuti mukati mamazuva matanhatu
Jehovha akasika denga nenyika, uye nomusi wechinomwe akarega
kushanda uye akazorora.' "
18 Jehovha akati apedza kutaura naMozisi paGomo reSinai, akamupa
mahwendefa maviri eChipupuriro, mahwendefa amabwe akanyorwa
nomunwe waMwari.

# 32

*Mhuru yegoridhe*

1 Vanhu vakati vaona kuti Mozisi akanga anonoka kwazvo kuburuka
kubva mugomo, vakaungana pana Aroni vakati, "Uya, tiitire vamwari
vachatitungamirira. Kana ari munhu uyu Mozisi akatibudisa muIjipiti,
hatizivi zvakaitika kwaari."
2 Aroni akavapindura akati, "Bvisai mhete dzegoridhe dzakapfekwa
navakadzi venyu, vanakomana venyu navanasikana venyu mugouya
nadzo kwandiri." 3 Saka vanhu vose vakabvisa mhete dzavo vakauya
nadzo kuna Aroni. 4 Akatora zvavakamupa akaita nazvo chifananidzo
chakaumbwa muchimiro chemhuru, achichiveza nembezo. Ipapo vakati,
"Ava ndivo vamwari venyu, imi Israeri, vakakubudisai kubva muIjipiti."
5 Aroni akati aona izvi, akavaka aritari pamberi pemhuru iya akazivisa
vanhu kuti, "Mangwana kuchava nomutambo kuna Jehovha." 6 Saka
zuva rakatevera vanhu vakamuka mangwanani vakabayira zvipiriso
zvinopiswa uye vakapa zvipiriso zvokuwadzana. Shure kwaizvozvo
vakagara pasi vakadya, vakanwa uye vakasimuka kuti vatambe.
7 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Buruka, nokuti vanhu vako,
vawakabudisa muIjipiti, vaora. 8 Vakurumidza kutsauka pane zvan-
dakavarayira uye vakazviitira chifananidzo chakavezwa muchimiro
chemhuru. Vapfugamira pachiri uye vakabayira kwachiri uye vakati, 'Ava
ndivo vamwari venyu, imi vaIsraeri, vakakubudisai kubva muIjipiti.' "
9 Jehovha akati kuna Mozisi, "Ndaona vanhu ava, uye vanhu vane
mitsipa mikukutu. 10 Zvino ndirege hangu kuti kutsamwa kwangu kupfute
pamusoro pavo ndivaparadze. Ipapo iwe ndichakuita rudzi rukuru."
11 Asi Mozisi akatsvaka nyasha dzaJehovha Mwari wake, akati, "Haiwa
Jehovha, kutsamwa kwenyu kungapfuta seiko pamusoro pavanhu venyu,
vamakabudisa kubva muIjipiti nesimba guru uye noruoko rune simba?
12 VaIjipita vachataurireiko vachiti, 'Akavabudisa muIjipiti nomurangariro
wakaipa, kuti avauraye mumakomo uye nokuvaparadza panyika'? Dzokai
henyu pakutsamwa kwenyu kunotyisa; dzokai murege kuuyisa njodzi pa-
musoro pavanhu venyu. 13 Rangarirai varanda venyu vanaAbhurahama,
Isaka naIsraeri, vamakapika kwavari nemi pachenyu muchiti, 'Ndichaita
kuti zvizvarwa zvenyu zviwande senyeredzi dzokudenga, uye ndichapa
zvizvarwa zvenyu nyika iyi yose yandakavavimbisa, uye ichava nhaka
yavo nokusingaperi.' " 14 Ipapo Jehovha akazvidemba uye akarega kuuyisa
njodzi yaakanga oda kuisa pamusoro pavanhu vake.
15 Mozisi akadzoka akaburuka mugomo ane mahwendefa maviri
eChipupuriro mumaoko ake. Akanga akanyorwa kumativi ose ari maviri,
mberi neshure. 16 Mahwendefa aya rakanga riri basa raMwari; runyoro
rwakanga rwuri runyoro rwaMwari, rwakatemwa pamahwendefa.
17 Joshua akati anzwa mheremhere yavanhu vaidanidzira, akati kuna
Mozisi, "Mune ruzha rwehondo mumusasa."
18 Mozisi akapindura akati,

"Harusi ruzha rwokukunda,
harusi ruzha rwokukundwa;
ruzha rwokuimba rwandinonzwa."
19 Mozisi akati aswedera pamusasa akaona mhuru uye nokutamba,
kutsamwa kwake kukavira uye akakanda mahwendefa achibva mumaoko
ake, akaaputsa kuita zvidimbu zvidimbu pajinga regomo. 20 Uye akatora
mhuru yavakanga vagadzira ndokuipisa nomoto; ipapo akaikuya kuita
upfu, akahuparadzira pamusoro pemvura uye akaita kuti vaIsraeri
vainwe.
21 Akati kuna Aroni, "Ko vanhu ava vakaiteiko kwauri, zvawaka-
vatungamirira muchivi chikuru zvakadai?"
22 Aroni akapindura akati, "Regai kutsamwa, ishe wangu. Munoziva
kuti vanhu ava vanorerekera sei pakutadza. 23 Vakati kwandiri, 'Tiitire
vamwari vachatitungamirira. Kana ari munhu uyu Mozisi akatibudisa
kubva muIjipiti, hatizivi zvakaitika kwaari.' 24 Saka ndakati kwavari, 'Ani
naani ane zvishongo zvegoridhe, ngaabvise.' Ipapo vakandipa goridhe
ndikarikanda mumoto, uye ndipo pakabuda mhuru iyi!"
25 Mozisi akaona kuti vanhu vakanga vatopenga zvavo uye kuti Aroni
akanga avarega vasisazvidzori uye kuti vakanga vava chiseko kuvavengi
vavo. 26 Saka akamira pamukova wokupinda nawo mumusasa akati, "Ani
naani ari kurutivi rwaJehovha, ngaauye kwandiri." Uye vaRevhi vose
vakaenda kwaari.
27 Ipapo akati kwavari, "Zvanzi naJehovha Mwari waIsraeri, 'Murume
mumwe nomumwe ngaapakate munondo parutivi rwake. Mufambe
mumusasa kubva kuno rumwe rutivi kusvika kuno rumwe, mumwe no-
mumwe achiuraya hama yake neshamwari yake nomuvakidzani wake.' "
28 VaRevhi vakaita sezvavakarayirwa naMozisi, uye nomusi uyo vanhu
zviuru zvitatu vakafa. 29 Ipapo Mozisi akati, "Imi matsaurirwa Jehovha
nhasi, nokuti makanga muchirwa navanakomana venyu uye nehama
dzenyu, uye akuropafadzai nhasi."
30 Fume mangwana Mozisi akati kuvanhu, "Maita chitadzo chikuru. Asi
zvino ndichaenda kuna Jehovha; zvimwe ndingagona kukuitirai yananiso
nokuda kwechivi chenyu."
31 Saka Mozisi akadzokera kuna Jehovha akati, "Haiwa vanhu ava vaita
chivi chikuru sei! Vazviitira vamwari vegoridhe. 32 Asi zvino, ndapota
hangu varegererei chivi chavo, asi kana zvisina kudaro, ipapo ndidzimei
henyu mubhuku ramakanyora."
33 Jehovha akapindura Mozisi akati, "Ani naani anenge atadzirana
neni ndichamudzima mubhuku rangu. 34 Zvino chienda, tungamirira
vanhu kunzvimbo yandakataura nezvayo, uye mutumwa wangu achaku-
tungamirirai. Kunyange zvakadaro, nguva yokuti ndirange painosvika,
ndichavaranga nokuda kwechivi chavo."
35 Uye Jehovha akarova vanhu nedenda nokuda kwezvavakaita
nemhuru yakaitwa naAroni.

# 33

1 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Ibva panzvimbo ino, iwe navanhu
vawakabudisa kubva muIjipiti uye ukwidze kunyika yandakavimbisa
nemhiko kuna Abhurahama, Isaka naJakobho ndichiti, 'Ndichaipa kuzviz-
varwa zvako.' 2 Ndichatuma mutumwa pamberi pako agodzinga vaKe-
nani, vaAmori, vaHiti, vaPerezi, vaHivhi navaJebhusi. 3 Kwidzai kunyika

inoyerera mukaka nouchi. Asi ini handiendi nemi, nokuti muri vanhu
vane mitsipa mikukutu uye ndingazokuparadzai munzira."
4 Vanhu vakati vachinzwa mashoko anotambudza aya, vakatanga
kuchema uye hapana munhu akashonga zvinoyevedza. 5 Nokuti Jehovha
akanga ati kuna Mozisi, "Taurira vaIsraeri uti, 'Muri vanhu vane mitsipa
mikukutu. Kana dai ndingaende nemi kunyange kwenguva duku,
ndingakuparadzai. Zvino bvisai zvishongo zvenyu uye ini ndichafunga
zvokuita nemi.' " 6 Saka vaIsraeri vakabvisa zvishongo zvavo pagomo
reHorebhi.

### *Tende Rokusangana*

7 Zvino Mozisi aisitora tende achiridzika kunze kwomusasa kachin-
hambwe, achiti ndiro "tende rokusangana." Munhu upi zvake ainge ane
chaanoda kubvunza kuna Jehovha aienda kuTende Rokusangana kunze
kwomusasa. 8 Uye pose paibuda Mozisi achienda kutende, vanhu vose
vaisimuka vachibva vamira pamikova yamatende avo, vakatarira Mozisi
kusvikira apinda mutende. 9 Kana Mozisi apinda mutende, shongwe
yegore yaiburuka yobva yamira pamukova, Jehovha achitaura naMozisi.
10 Vanhu vaiti vangoona shongwe yegore pamukova wokupinda mutende,
vose vaimira vobva vanamata, mumwe nomumwe pamukova wetende
rake. 11 Jehovha aizotaura naMozisi uso nouso, somunhu anotaura
neshamwari yake. Ipapo Mozisi aizodzokera kumusasa, asi mubatsiri
wake Joshua mwanakomana waNuni akanga asingabudi mutende.

### *Mozisi noKubwinya kwaJehovha*

12 Mozisi akati kuna Jehovha, "Imi manga muchiti kwandiri,
'Tungamirira vanhu ava,' asi hamusati mandizivisa wamuchandituma
naye. Manga muchingoti, 'Ndinokuziva nezita rako uye wawana nyasha
kwandiri.' 13 Kana muchifadzwa neni, ndidzidzisei nzira dzenyu kuitira
kuti ndigokuzivai uye ndirambe ndichiwana nyasha kwamuri. Rangarirai
kuti rudzi urwu vanhu venyu."

14 Jehovha akapindura akati, "Kuvapo kwangu kuchaenda newe, uye
ndichakupa zororo."

15 Ipapo Mozisi akati kwaari, "Kana Kuvapo kwenyu kusingaendi
nesu, musatibvisa pano. 16 Vanhu vachaziva sei kuti munofadzwa neni
uye navanhu venyu kana musina kuenda nesu? Chiizve chicharatidza
mutsauko pakati pangu navanhu venyu navamwe vanhu vose vari
pamusoro penyika?"

17 Uye Jehovha akati kuna Mozisi, "Ndichaita chinhu ichocho
chawakumbira, nokuti ndinofadzwa newe uye ndinokuziva nezita."

18 Ipapo Mozisi akati, "Zvino ndiratidzei kubwinya kwenyu."

19 Uye Jehovha akati, "Ndichaita kuti kunaka kwangu kupfuure na-
pamberi pako, uye ndichaparidza zita rangu, iro Jehovha, pamberi pako.
Ndichanzwira nyasha iye wandichanzwira nyasha, uye ndichanzwira tsitsi
uyo wandichanzwira tsitsi." 20 Akati, "Asi haugoni kuona chiso changu,
nokuti hapana munhu angandiona uye akararama."

21 Ipapo Jehovha akati, "Pane nzvimbo iri pedyo neni paungamira
padombo. 22 Panopfuura kubwinya kwangu, ndichakuisa mumukaha
wedombo uye ndichakufukidza noruoko rwangu kusvikira ndapfuura.
23 Ipapo ndichabvisa ruoko rwangu uye uchaona shure kwangu; asi chiso
changu hachifaniri kuonekwa."

# 34

*Mahwendefa matsva amabwe*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, “Veza matombo maviri amahwendefa
akaita seokutanga, uye ndichanyora paari mashoko akanga ari pamah-
wendefa okutanga, awakaputsa. 2 Ugadzirire mangwanani, uye ipapo
ugouya pamusoro peGomo reSinai. Uzviise kwandiri iwe ipapo pamusoro
pegomo. 3 Hapana munhu anofanira kuuya newe kana kuonekwa papi
zvapo pamusoro peGomo; kunyange makwai kana mombe zvinopfuura
pamberi pegomo.”

4 Saka Mozisi akaveza mahwendefa maviri amabwe akaita seoku-
tanga uye akakwira pamusoro pegomo reSinai mangwanani-ngwanani,
sezvaakanga arayirwa naJehovha; uye akatakura mahwendefa maviri
amabwe mumaoko ake. 5 Ipapo Jehovha akaburuka kwaari ari mugore
akamira naye ipapo uye akazivisa zita rake, Jehovha. 6 Uye akapfuura
napamberi paMozisi, achizivisa achiti, “Jehovha, Jehovha, Mwari ane
tsitsi nenyasha, anononoka kutsamwa, azere norudo uye akatendeka,
7 anoitira rudo kuzviuru zvamazana, uye achikanganwira zvakaipa,
kumukira nechivi. Asi haaregi ane mhosva asingarangwi; anoranga vana
navana vavo nokuda kwechivi chamadzibaba avo kusvikira kuchizvarwa
chechitatu nechechina.”

8 Mozisi akakotamira pasi akanamata. 9 Akati, “Haiwa Jehovha,
kana ndawana nyasha pamberi penyu, ipapo Jehovha ngaaende nesu.
Kunyange vanhu ava vane mitsipa mikukutu, regererai henyu kuipa
kwedu nechivi chedu, uye mutitore senhaka yenyu.”

10 Ipapo akati, “Ndava kuita sungano newe. Ndichaita zvishamiso
pamberi pavanhu vako zvisina kumboitwa kare mundudzi dzipi zvadzo
munyika yose. Vanhu vaunogara pakati pavo vachaona kuti basa
randichakuitira ini, Jehovha rinotyisa sei. 11 Uteerere zvandinokurayira
nhasi. Ndichadzinga pamberi pako vaAmori, vaKenani, vaHiti, vaPerezi,
vaHivhi navaJebhusi. 12 Uchenjerere kuti urege kuita sungano naavo
vagere munyika yamunoenda kuti varege kuva musungo pakati penyu.
13 Putsirai aritari dzavo pasi, pwanyai matombo avo anoyera uye muteme
matanda avo aAshera. 14 Musanamata vamwe vamwari vapi zvavo, nokuti
Jehovha, iye ane zita rinonzi Godo, ndiye Mwari ane godo.

15 “Uchenjerere kuti urege kuita sungano naavo vanogara munyika;
nokuti pavanenge voita ufeve hwavo kuna vamwari vavo uye vak-
abayira kwavari, vachakukokai uye muchadya zvibayiro zvavo. 16 Uye
pamunosarudza vamwe vanasikana vavo kuti vave vakadzi vavanako-
mana venyu uye vanasikana avo vakaita ufeve navamwari vavo,
vachatungamirira vanakomana venyu kuita zvimwe chetezvo.

17 “Musaita zvifananidzo zvakaumbwa.

18 “Mupemberere Mutambo weZvingwa Zvisina Mbiriso. Mudye
chingwa chisina mbiriso kwamazuva manomwe, sezvandakurayirai.
Muite izvi panguva yakatarwa mumwedzi waAbhibhi, nokuti mumwedzi
iwoyo makabuda muIjipiti.

19 “Chibereko chose chinotanga kuzarura chizvaro ndechangu, ku-
sanganisira matangwe ose makono ezvipfuwo zvako, dzingava mombe
kana makwai. 20 Udzikinure dangwe rembongoro negwayana, asi kana
usingaridzikinuri, urivhune mutsipa waro. Udzikinure matangwe ose
kuvanakomana venyu.

“Hapana munhu anofanira kumira pamberi pangu asina chinhu.

21 “Mubate basa mazuva matanhatu, asi nezuva rechinomwe munofanira kuzorora; kunyange munguva dzokurima nedzokukohwa munofanira kuzorora.

22 “Mupemberere Mutambo weMavhiki nezvibereko zvokutanga zvegorosi yakohwewa, uye Mutambo woKuunganidza pakupera kwegore.
23 Katatu pagore, varume vose vanofanira kumira pamberi paIshe Jehovha, Mwari waIsraeri. 24 Ndichadzinga ndudzi pamberi penyu uye ndichakurisa nyika yenyu, uye hakuna munhu achachiva nyika yenyu pamunokwidzako katatu gore rimwe nerimwe, kuti mumire pamberi paJehovha Mwari wenyu.

25 “Musapa kwandiri ropa rezvibayiro pamwe chete nechinhu chipi zvacho chine mbiriso, uye musarega chimwe chezvibayiro zvoMutambo wePasika chichisara kusvikira mangwanani.

26 “Muuyise zvakaisvonaka zvezvibereko zvevhu renyu zvokutanga kuimba yaJehovha Mwari wenyu.

“Musabika mbudzana mumukaka wamai vayo.”

27 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Nyora mashoko aya, nokuti maererano namashoko aya ndaita sungano newe uye neIsraeri.” 28 Mozisi akanga ariko kuna Jehovha kwamazuva makumi mana nousiku makumi mana, asingadyi chingwa kana kunwa mvura. Uye akanyora pamahwendefa mashoko esungano, iyo Mirayiro Gumi.

### *Chiso chaMozisi chinobwinya*

29 Mozisi akati aburuka muGomo reSinai aine mahwendefa maviri eChipupuriro mumaoko ake, akanga asingazivi kuti chiso chake chaibwinya nokuti akanga ataura naJehovha. 30 Aroni navaIsraeri vose pavakaona Mozisi, chiso chake chakanga chichibwinya, uye vakatya
kuswedera pedyo naye. 31 Asi Mozisi akavadana; uye Aroni navatungamiri
vose vavanhu vakadzokera kwaari, uye akataura navo. 32 Shure kwaizvozvo vaIsraeri vose vakaswedera pedyo naye akavapa mirayiro yose yaakanga apiwa naJehovha muGomo reSinai.

33 Mozisi akati apedza kutaura navo, akaisa chifukidzo pachiso chake.
34 Asi pose paaipinda paKuvapo kwaJehovha kuti ataure naye, aibvisa chifukidzo kusvikira abuda kunze. Uye aiti paaibuda achiudza vaIsraeri
zvaainge arayirwa, 35 vaiona kuti chiso chake chakanga chichibwinya. Ipapo Mozisi aizoisazve chifukidzo pachiso chake kusvikira apinda kundotaura naJehovha.

# 35

### *Mirayiro yeSabata*

1 Mozisi akaunganidza ungano yose yavaIsraeri akati kwavari, “Izvi
ndizvo zvinhu zvamakarayirwa naJehovha kuti muite: 2 Mubate basa, mazuva matanhatu, asi zuva rechinomwe richava zuva dzvene kwamuri, Sabata rokuzorora kuna Jehovha. Ani naani anoita basa ripi zvaro
pazuva iro anofanira kuurayiwa. 3 Musabatidze moto panzvimbo ipi zvayo yamugere pazuva reSabata.”

### *Zvinhu zvomuTabhenakeri*

4 Mozisi akati kuungano yose yavaIsraeri, “Izvi ndizvo zvakarayirwa
naJehovha: 5 Kubva pane zvamunazvo, mutore chipiriso chaJehovha. Ani naani anoda ngaauyise kuna Jehovha chipiriso:

“chegoridhe, sirivha uye nendarira;
6 wuru yebhuruu, pepuru netsvuku uye nomucheka wakaisvonaka;
mvere dzembudzi;
7 matehwe amakondobwe akapendwa zvitsvuku namatehwe emombe dzomugungwa;
matanda omuunga;
8 mafuta omuorivhi emwenje;
zvinonhuhwira zvamafuta okuzodza uye namafuta anonhuhwira kwazvo;
9 mabwe eonikisi namamwe mabwe anokosha okuisa paefodhi nechidzitiro chechipfuva.

10 “Vose vane umhizha pakati penyu ngavauye vazogadzira zvinhu zvose zvakarayirwa naJehovha:

11 “tabhenakeri netende rayo uye nechifukidzo chayo, zvikorekedzo, mapuranga, mbariro, mapango nezvigadziko;
12 areka namapango ayo, chifunhiro chokuyananisa uye nechidzitiro chinochidzivirira;
13 tafura namapango ayo uye midziyo yayo yose uye nechingwa choKuratidza;
14 chigadziko chomwenje nenhumbi dzacho, mwenje namafuta omwenje;
15 aritari yezvinonhuhwira namapango ayo, mafuta okuzodza uye nezvinonhuhwira kwazvo;
chidzitiro chapamukova wokupinda kutabhenakeri;
16 aritari yezvipiriso zvinopiswa pamwe chete nechiparo chacho chendarira, mapango ayo nemidziyo yayo yose;
mudziyo wokushambira wendarira nechigadziko chawo;
17 zvidzitiro zvaparuvazhe namatanda azvo nezvigadziko, uye chidzitiro chomukova wokupinda paruvazhe;
18 hoko dzetende retabhenakeri uye dzeparuvazhe, netambo dzacho;
19 nguo dzakarukwa dzinopfekwa pakushumira munzvimbo tsvene, zvose nguo tsvene yaAroni muprista nenguo dzavanakomana vake pavanoshumira savaprista.”

20 Ipapo ungano yose yavaIsraeri yakabva pamberi paMozisi, 21 uye
munhu wose aida uye akasundwa nomwoyo wake akauya nechipiriso
kuna Jehovha chebasa rapaTende Rokusangana, noushumiri hwayo
hwose, nezvenguo tsvene. 22 Vose vakanga vachida, zvose varume
navakadzi, vakauya nezvishongo zvegoridhe zvemhando dzose zvaiti:
zvikorekedzo, mhete dzenzeve, mhete uye nezvishongo zvoukomba.
Vose vakapa goridhe ravo sechipiriso chokuninira kuna Jehovha.
23 Munhu wose akanga aine wuru yebhuruu, pepuru kana tsvuku kana
mucheka wakaisvonaka, kana mvere dzembudzi, matehwe amakondobwe
akapendwa zvitsvuku kana matehwe emombe dzomugungwa, vakauya
nazvo. 24 Vaya vaipa chipiriso chesirivha kana ndarira vakauya nazvo
sechipiriso kuna Jehovha, uye vose vaiva namatanda omuunga echikamu
chipi zvacho chebasa vakauya nawo. 25 Mukadzi wose aigona kuruka
akaruka namaoko ake uye akauyisa zvaakanga aruka, wuru yebhuruu,
pepuru kana tsvuku kana mucheka wakaisvonaka. 26 Uye vakadzi
vose vaida zvavo uye vaiva nounyanzvi hwokuruka, vakaruka mvere

dzembudzi. [27] Vatungamiriri vakauya namabwe eonikisi namamwewo
mabwe kuti azoiswa paefodhi napachidzitiro chechipfuva. [28] Vakauyawo
nezvinonhuhwira namafuta omuorivhi emwenje uye namafuta okuzodza
namafuta anonhuhwira kwazvo. [29] VaIsraeri vose, varume navakadzi
vakanga vachida havo, vakavigira Jehovha zvipiriso zvokupa nokuzvis-
arudzira zvebasa rose rakanga rarayirwa Mozisi naJehovha kuti vaite.

*Bhezareri naOhoriabhu*

[30] Ipapo Mozisi akati kuvaIsraeri, "Tarirai, Jehovha asarudza Bhezareri
mwanakomana waUri, mwanakomana waHuri, worudzi rwaJudha,
[31] uye amuzadza noMweya waMwari, nenjere, nokugona uye noruzivo
rwemhando dzose dzoumhizha, [32] kuti aite zvinhu zvinoyevedza zvebasa
regoridhe, sirivha nendarira, [33] kuveza nokuronga mabwe, kushanda
mukuveza matanda uye nokuita mhando dzose dzoumhizha. [34] Uye apa
vose vari vaviri iye naOhoriabhu mwanakomana waAhisamaki, worudzi
rwaDhani kugona kudzidzisa vamwe. [35] Avazadza nenjere dzokuita
mhando dzose dzebasa semhizha, vasoni, navasuki vewuru yebhuruu,
pepuru netsvuku uye nomucheka wakaisvonaka, vose zvavo imhizha huru
navasoni."

# 36

[1] "Saka Bhezareri, Ohoriabhu uye nomunhu wose wounyanzvi apiwa
unyanzvi naJehovha uye kugona kuziva maitirwo ebasa rokuvaka imba
tsvene ngavaite basa sezvakarayirwa naJehovha."

[2] Ipapo Mozisi akadana Bhezareri naOhoriabhu uye nomunhu wose
wounyanzvi uyo akapiwa kugona naJehovha uye akanga achida hake
kuuya kuzoshanda basa. [3] Vakagamuchira kubva kuna Mozisi zvipo
zvose zvakanga zvauya navaIsraeri kuti zvishandiswe pabasa rokuvaka
imba tsvene. Uye vanhu vakaramba vachiuyisa zvipo zvokupa nokuzvis-
arudzira mangwanani oga oga. [4] Saka varume vose voumhizha vakanga
vachiita basa rose rapaimba tsvene vakasiya basa ravo [5] vakati kuna
Mozisi, "Vanhu vari kuuya nezvakawandisa zvokuitisa basa rakarayirwa
naJehovha kuti riitwe."

[6] Ipapo Mozisi akarayira uye vakatuma shoko iri pakati pomusasa wose
vachiti, "Ngakuregе kuva nomurume kana mukadzi achaitazve chimwe
chinhu sechipo chenzvimbo tsvene." Nokudaro vanhu vakadziviswa ku-
uyisa zvimwe, [7] nokuti zvavakanga vatova nazvo zvakanga zvatowandisa
pane zvaidiwa kuita basa rose.

*Tabhenakeri*

[8] Varume vose vounyanzvi vakaita tabhenakeri nezvidzitiro gumi
zvemicheka yakarukwa zvakaisvonaka newuru yebhuruu, pepuru
netsvuku, namakerubhi akasonerwa mazviri nemhizha ino unyanzvi.
[9] Zvidzitiro zvose zvakanga zvakaenzana, zvakareba makubhiti makumi
maviri namasere* uye makubhiti mana† paupamhi. [10] Vakabatanidza
zvimwe zvidzitiro zvishanu pamwe chete uye vakaita zvimwe chetezvo
pane zvimwe zvishanu. [11] Ipapo vakaita zvishwe zvomucheka webhuruu
zvichitevedza mupendero wechidzitiro chokumucheto mumubatanidzwa
mumwe chete, zvimwe chetezvo zvikaitwawo kune chimwe chidzitiro
chokumucheto. [12] Vakaitawo zvishwe makumi mashanu pachidzitiro
chimwe chete uye zvishwe makumi mashanu pachidzitiro chokupedzisira

* **36:9** 36:9 mamita angaita 13 † **36:9** 36:9 mamita angaita 1.8

chezvimwe zvakabatanidzwa nezvishwe zvakanga zvakatarisana. 13 Ipapo
vakaita zvikorekedzo zvegoridhe makumi mashanu ndokuzvishandisa
kusonanidza zvibatanidzwa zviviri zvezvidzitiro pamwe chete kuitira kuti
tabhenakeri ive chinhu chimwe chete.

14 Vakaita zvidzitiro zvemvere dzembudzi zvetende rapamusoro petab-
henakeri, gumi nechimwe pamwe chete. 15 Zvidzitiro zvose zviri gumi
nechimwe zvakanga zvakaenzana, makubhiti makumi matatu‡ pakureba
uye makubhiti mana§ paupamhi. 16 Vakabatanidza zvidzitiro zvishanu
pamwe chete kuti zvive mubatanidzwa mumwe chete, uye zvimwe
zvitanhatu kuti zvive pamwe chete. 17 Ipapo vakaita zvishwe makumi
mashanu zvaitevedza mupendero wechidzitiro chokupedzisira muchi-
batanidzwa chimwe chete uyewo zvichitevedza mupendero wechidzitiro
chokupedzisira muno mumwe mubatanidzwa. 18 Vakaita zvikorekedzo
zvendarira makumi mashanu kuti zvisunganidze tende pamwe chete
zvive sechinhu chimwe chete. 19 Ipapo vakagadzirira tende chifukidzo
chamatehwe amakondobwe akapendwa zvitsvuku, uye pamusoro pacho
chifunhiro chamatehwe emombe dzomugungwa.

20 Vakaita mapuranga akamiswa amatanda omuunga etabhenakeri.
21 Puranga rimwe nerimwe rakanga rakareba makubhiti gumi* uye
kubhiti rimwe nehafu† paupamhi, 22 nembambo mbiri dzakamiswa dza-
katarisana. Vakaita mapuranga ose etabhenakeri nenzira iyi. 23 Vakaita
mapuranga makumi maviri kurutivi rwezasi kwetabhenakeri 24 uye
vakaita makumi mana ezvigadziko zvesirivha kuti zviende pasi pazvo,
zvigadziko zviviri pasi pepuranga rimwe nerimwe, chimwe chete pasi
pembato imwe neimwe. 25 Kuno rumwe rutivi, rutivi rwokumusoro
kwetabhenakeri, vakaita mapuranga makumi maviri 26 uye makumi mana
ezvigadziko zvesirivha, zviviri zviri pasi pepuranga rimwe nerimwe.
27 Vakaita mapuranga matanhatu okumucheto cheto, iko kumavirira
kwetabhenakeri, 28 uye mapuranga maviri akanga akagadzirirwa makona
etabhenakeri nechokumucheto cheto. 29 Pamakona maviri aya mapuranga
aiva maviri kubva pasi kusvikira kumusoro uye akaiswa mumhete imwe
chete; ose akanga akagadzirwa zvakafanana. 30 Saka pakanga pana
mapuranga masere uye zvigadziko gumi nezvitanhatu zvesirivha, zviviri
zviri pasi pepuranga rimwe nerimwe.

31 Vakaitawo mbariro dzomuti womuunga: shanu dzamapuranga aiva
pano rumwe rutivi rwetabhenakeri, 32 shanu dzaaya aiva kuno rumwe
rutivi, uye shanu dzamapuranga aiva kumavirira, pamucheto cheto
kwetabhenakeri. 33 Vakaita mbariro yapakati kuitira kuti ichinjike kubva
kumucheto kusvikira kumucheto pakati pamapuranga. 34 Vakafukidza
mapuranga negoridhe uye vakaita mhete dzegoridhe kuti dzibate mbariro.
Vakafukidzawo mbariro negoridhe.

35 Vakaita zvidzitiro zvewuru yebhuruu, pepuru netsvuku uye no-
mucheka wakarukwa zvakaisvonaka, namakerubhi akasonerwa pauri
nemhizha ino unyanzvi. 36 Vakaita matanda mana omuti wom-
uunga vakaafukidza negoridhe. Vakaaitira zvikorekedzo zvegoridhe uye
vakaumba zvigadziko zvawo zvina zvesirivha. 37 Vakaita chidzitiro
chomukova wokupinda mutende chewuru yebhuruu, pepuru netsvuku
uye mucheka wakarukwa zvakaisvonaka, basa romuruki; 38 uye vakaita

‡ **36:15** 36:15 mamita angaita 13.5 § **36:15** 36:15 mamita angaita 1.8 * **36:21** 36:21 mamita
angaita 4.5 † **36:21** 36:21 0.7 yemita

matanda mashanu nezvikorekedzo zvawo. Vakafukidza misoro yamatanda nehata dzawo negoridhe uye vakaita zvigadziko zvawo zvishanu zvendarira.

# 37

*Areka*

1 Bhezareri akaita areka yamatanda omuunga, yakareba makubhiti
maviri nehafu*, kubhiti rimwe nehafu† paupamhi, uye kubhiti rimwe
chete nehafu pakukwirira. 2 Akaifukidza negoridhe rakaisvonaka, zvose
mukati nokunze, uye akaita hata yegoridhe yakaipoteredza. 3 Akaiumbira
mhete dzegoridhe ina akadziisa pamakumbo ayo mana, nemhete mbiri
pano rumwe rutivi uye dzimwe mbiri kuno rumwezve rutivi. 4 Ipapo
akaita mapango omuti womuunga uye akaafukidza negoridhe. 5 Uye
akapinza mapango mukati memhete parutivi rweareka okuitakura nawo.
6 Akagadzira chifunhiro chokuyananisa chegoridhe rakaisvonaka,
makubhiti maviri nehafu‡ pakureba uye kubhiti rimwe chete nehafu§
paupamhi. 7 Ipapo akaita makerubhi maviri negoridhe rakapambadzirwa
kumacheto echifunhiro. 8 Akaita kerubhi rimwe chete kurutivi rumwe
chete rwokumucheto uye kerubhi rechipiri kuno rumwezve rutivi, mativi
okumucheto ari maviri akaaita chinhu chimwe chete nechifunhiro.
9 Mapapiro amakerubhi akanga akatambanudzirwa kumusoro, achifukidza chifunhiro nomumvuri wawo. Makerubhi akanga akatarisana,
akatarisa kuchifunhiro.

*Tafura*

10 Vakagadzira tafura namatanda omuunga, yakareba makubhiti
maviri*, uye kubhiti rimwe chete† paupamhi, uye kubhiti rimwe chete
nehafu‡ pakukwirira. 11 Ipapo vakaifukidza negoridhe rakaisvonaka uye
vakagadzira hata yegoridhe yakaipoteredza. 12 Vakaiitirawo mukombero
wakaipoteredza une upamhi hwakaita sechanza choruoko§ ndokuisa
hata yegoridhe pamukombero. 13 Vakaumba mhete ina dzegoridhe
dzetafura uye vakadzisungirira pamakona mana, paya pakanga pana
makumbo. 14 Mhete dzakaiswa pedyo nomukombero kuti dzibate
mapango aishandiswa pakutakura tafura. 15 Mapango okutakura tafura
akagadzirwa namatanda omuunga uye akanga akafukidzwa negoridhe.
16 Uye vakaita nhumbi dzetafura negoridhe rakaisvonaka, ndiro dzayo,
madhishi nemikombe uye nezvirongo zvayo zvokudururira zvipiriso
zvinonwiwa.

*Chigadziko choMwenje*

17 Vakagadzira chigadziko chomwenje chegoridhe rakaisvonaka uye
vakaripambadzira, chigadziko nerwiriko; mikombe inenge maruva,
mabukira namaruva zvaiva chinhu chimwe chete nacho. 18 Mapazi
matanhatu akaiswa kubva kumativi echigadziko chomwenje, matatu
kurutivi rumwe chete uye mamwe matatu kuno rumwe rutivi. 19 Mikombe
mitatu yakanga yakaumbwa seruva remuarimondi namabukira namaruva makuru zvakanga zviri pane rimwe davi, matatu padavi raitevera

---

* 37:1 37:1 mamita angaita 1.1 † 37:1 37:1 0.7 yemita ‡ 37:6 37:6 mamita angaita 1.1
§ 37:6 37:6 0.7 yemita * 37:10 37:10 0.9 yemita † 37:10 37:10 0.5 yemita ‡ 37:10 37:10
0.7 yemita § 37:12 37:12 masendimita angaita 8

uye zvakanga zvakaita saizvozvo pamatavi ose ari matanhatu aibva
pachigadziko chomwenje. [20] Uye pamusoro pechigadziko chomwenje
paiva nemikombe mina yakanga yakaumbwa seruva romuarimondi
namabukira uye namaruva makuru. [21] Bukira rimwe chete rakanga riri
pasi pamatavi maviri okutanga aibva pachigadziko chomwenje, bukira
rechipiri rakanga riri pasi pamatavi maviri aitevera, uye bukira rechitatu
rakanga riri pasi pamatavi mamwezve maviri, ose ari matanhatu pamwe
chete. [22] Mabukira namatavi zvaiva chinhu chimwe chete nechigadziko
chomwenje, chegoridhe rakaisvonaka rakapambadzirwa.
[23] Vakaita mwenje yacho minomwe, pamwe chete nembato dzacho
uye nendiro dzacho, dzegoridhe rakaisvonaka. [24] Vakaita chigadziko
chomwenje nenhumbi dzacho dzose kubva patarenda rimwe chete*
regoridhe rakaisvonaka.

### *Aritari yeZvinonhuhwira*

[25] Vakaita aritari yezvinonhuhwira namatanda omuunga. Yakanga
yakaenzana mativi ose ari mana, yakareba kubhiti rimwe chete† uye
kubhiti rimwe chete paupamhi, uye makubhiti maviri‡ pakukwirira
kwayo, nyanga dzayo dziri chinhu chimwe chete nayo. [26] Vakafukidza
pamusoro payo nokumativi ose uye nenyanga, negoridhe rakaisvonaka,
uye vakagadzira hata yakaipoteredza. [27] Vakaita mhete dzegoridhe mbiri
pasi pehata, mbiri kuno rumwe rutivi, kuti dzibate mapango aishandiswa
pakuitakura. [28] Vakagadzira mapango omuti womuunga uye vakaafukidza
negoridhe.
[29] Vakagadzirawo mafuta matsvene okuzodza uye nezvinonhuhwira
kwazvo zvakaisvonaka, basa romuvhenganisi wezvinonhuhwira.

## 38

### *Aritari yeZvipiriso Zvinopiswa*

[1] Vakavaka aritari yezvipiriso zvinopiswa yamatanda omuunga, yakak-
wirira makubhiti matatu*; yakanga yakaenzana mativi ayo mana ina
makubhiti mashanu† pakureba uye namakubhiti mashanu paupamhi
hwayo. [2] Vakagadzira runyanga pamakona mana ose zvokuti nyanga
nearitari zvakanga zvava chinhu chimwe chete, uye vakafukidza aritari
nendarira. [3] Vakaita midziyo yayo yose nendarira, hari dzayo, foshoro
dzayo, midziyo yokusasa zvibayiso zvenyama uye namakango apamoto.
[4] Vakaitira aritari chiparo, mumbure wendarira, kuti chive pasi pechitsiko
chayo, pakati napakati pokukwirira kwearitari. [5] Vakaumba mhete
dzendarira kuti dzibate mapango amakona mana echiparo chendarira.
[6] Vakaita mapango omuti womuunga vakaafukidza nendarira. [7] Vakapinza
mapango mukati memhete kuitira kuti agova pamativi earitari, kuti
vaitakure nawo. Vakaiita namapuranga, isina chinhu mukati.

### *Mudziyo woKushambira*

[8] Vakagadzira mudziyo wokushambira wendarira uye nezvigadziko
zvawo zvendarira kubva pazvionioni zvamadzimai aishumira pamukova
wokupinda muTende Rokusangana.

### *Ruvazhe*

---

* **37:24** 37:24 makirogiramu angaita 34 † **37:25** 37:25 0.5 yemita ‡ **37:25** 37:25 0.9 yemita
* **38:1** 38:1 mamita angaita 1.4 † **38:1** 38:1 mamita angaita 2.3

9 Pashure vakaita ruvazhe. Rutivi rwezasi rwakanga rwakareba makub-
hiti zana‡ uye rwaiva nezvidzitiro zvomucheka wakarukwa zvakaisvon-
aka, 10 namatanda makumi maviri uye nezvigadziko zvendarira makumi
maviri, nezvikorekedzo zvesirivha uye nezvisungo pamusoro pamatanda.
11 Rutivi rwokumusorowo rwakanga runa makubhiti zana pakureba uye
rwakanga rune matanda makumi maviri nezvigadziko zvendarira, ine
zvikorekedzo zvesirivha nezvisungo pamusoro pamatanda.

12 Mucheto wokumavirira wakanga una makubhiti makumi mashanu§
paupamhi, uye kwaiva nezvidzitiro, namatanda gumi uye nezvigadziko
gumi, nezvikorekedzo zvesirivha nezvisungo pamusoro pamatanda.
13 Kumucheto wokumabvazuva, wakananga kunobuda nezuva, kwaivawo
noupamhi hwamakubhiti makumi mashanu. 14 Zvidzitiro zvakareba
makubhiti gumi namashanu* zvaiva kurutivi rumwe chete rwomukova,
namatanda matatu ezvigadziko zvitatu, 15 uye zvidzitiro zvakareba
makubhiti gumi namashanu zvaiva kuno rumwe rutivi rwokupinda mu-
ruvazhe, namatanda matatu uye nezvigadziko zvitatu. 16 Zvidzitiro zvose
zvaipoteredza ruvazhe zvaiva zvomucheka wakarukwa zvakaisvonaka.
17 Zvigadziko zvamatanda zvakanga zviri zvendarira. Zvikorekedzo nezvi-
sungo zvaiva pamatanda zvaiva zvesirivha, uye misoro yawo yakanga
yakafukidzwa nesirivha; saka matanda ose oruvazhe akanga ane zvisungo
zvesirivha.

18 Chidzitiro chomukova wokupinda muruvazhe chaiva chewuru yeb-
huruu, nepepuru netsvuku uye nomucheka wakarukwa zvakaisvonaka,
basa romuruki. Chakanga chakareba makubhiti makumi maviri†, chakaita
sechidzitiro chaparuvazhe, makubhiti mashanu‡ kukwirira kwacho,
19 namatanda mana uye nezvigadziko zvendarira zvina. Zvikorekedzo
zvazvo nezvisungo zvazvo zvaiva zvesirivha, uye misoro yacho yakanga
yakafukidzwa nesirivha. 20 Mbambo dzose dzetende retabhenakeri
nezvaipoteredza ruvazhe zvaiva zvendarira.

*Zvinhu zvakashandiswa*

21 Uku ndiko kuwanda kwezvinhu zvakashandiswa patabhenakeri,
iyo tabhenakeri yeChipupuriro, zvakanyorwa pakurayira kwaMozisi
navaRevhi vari pasi paItamari mwanakomana waAroni, muprista.
22 Bhezareri mwanakomana waUri, mwanakomana waHuri, worudzi
rwaJudha, akagadzira zvose zvakarayirwa Mozisi naJehovha; 23 aiva
naDhoriabhu mwanakomana waAhisamaki, worudzi rwaDhani, mhizha
nomusoni, uye musoni wewuru yebhuruu, pepuru netsvuku nomucheka
wakaisvonaka. 24 Kuwanda kwegoridhe rose rakabva kuzvipiriso
zvokuninira rakashandiswa pabasa rose rapaimba tsvene kwaiva
matarenda makumi maviri namapfumbamwe namashekeri mazana
manomwe ana makumi matatu§, zvichienderana neshekeri renzvimbo
tsvene.

25 Sirivha yakawanikwa yakabva kuna avo veungano vakaverengwa
pakunyorwa, yaiva matarenda zana, uye chiuru chimwe namazana
manomwe namakumi manomwe namashanu amashekeri*, zvichiender-
ana neshekeri renzvimbo tsvene, 26 bheka rimwe chete pamunhu, ndiyo
hafu yeshekeri†, zvichienderana neshekeri renzvimbo tsvene, kubva

‡ **38:9** 38:9 mamita angaita 4 § **38:12** 38:12 mamita angaita 23 * **38:14** 38:14 mamita angaita 6.9 † **38:18** 38:18 mamita angaita 9 ‡ **38:18** 38:18 mamita angaita 2.3 § **38:24** 38:24 tani * **38:25** 38:25 mamita angaita 3.4 † **38:26** 38:26 magiramu angaita 6

kumunhu wose akanga ayambukira kuna avo vakanga vatoverengwa,
vana makore makumi maviri kana kupfuura, varume vakanga vari
zviuru mazana matanhatu navatatu namazana mashanu ana makumi
mashanu. 27 Matarenda zana‡ esirivha akashandiswa kugadzira zvi-
gadziko zvenzvimbo tsvene pachidzitiro, zvigadziko zana zvaibva pa-
matarenda zana, tarenda rimwe chete pachigadziko chimwe nechimwe.
28 Vakashandisa mashekeri chiuru chimwe chete namazana manomwe
namakumi manomwe namashanu§ uye kuti vagadzire zvikorekedzo zva-
matanda, kufukidza misoro yamatanda, uye vagadzire zvisungo zvawo.
29 Ndarira yakabva kuzvipiriso zvokuninira yaiva matarenda makumi
manomwe namashekeri zviuru zviviri namazana mana*. 30 Vakaishandisa
kugadzira nheyo dzomukova weTende Rokusangana, aritari yen-
darira, chiparo chayo chendarira nemidziyo yayo yose, 31 nheyo
dzepakapoteredza ruvazhe nedzomukova warwo nembambo dzose dze-
tende retabhenakeri uye nezvose zvakapoteredza ruvazhe.

# 39

*Nguo dzoUprista*

1 Kubva pawuru yebhuruu nepepuru netsvuku, vakaita nguo dza-
karukwa dzoushumiri munzvimbo tsvene. Vakaitawo nguo tsvene
dzaAroni, sokurayira kwakaita Jehovha kuna Mozisi.

*Efodhi*

2 Vakaita efodhi yegoridhe, wuru yebhuruu, pepuru netsvuku, uye
nomucheka wakarukwa zvakaisvonaka. 3 Vakapambadzira goridhe rikava
marata matete uye vakagura tuwaya kuti tupfekerwe muwuru yebhuruu,
yepepuru netsvuku uye mumucheka wakaisvonaka, basa remhizha ino
unyanzvi. 4 Vakaita zvipenga zvapapfudzi zveefodhi, zvaibatanidzwa
pana mamwe makona ayo maviri, kuti isimbiswe. 5 Bhanhire rayo
romuchiuno rakarukwa nounyanzvi rakanga rakafanana nayo, zvaive
chinhu chimwe neefodhi uye zvakagadzirwa negoridhe, newuru yebhu-
ruu, nepepuru netsvuku nomucheka wakarukwa zvakaisvonaka, soku-
rayirwa kwakaitwa Mozisi naJehovha.
6 Vakagadzira matombo eonikisi vakaanyudza mukati mamaruva
egoridhe uye vakanyora norunyoro rwokutema padombo sezvinoitwa
padombo rechisimbiso ramazita avanakomana vaIsraeri. 7 Ipapo vakaisa
pamapenga apamapfudzi eefodhi matombo echirangaridzo chavana vaIs-
raeri sokurayira kwaJehovha kuna Mozisi.

*Chidzitiro cheChipfuva*

8 Vakaita chidzitiro chechipfuva, basa remhizha ino unyanzvi. Vakachi-
ita seefodhi: negoridhe, uye wuru yebhuruu, pepuru netsvuku, uye
nomucheka wakarukwa zvakaisvonaka. 9 Chakanga chakaenzana mativi
acho ose ari mana, chakaenzana nechanza* paurefu uye chakaenzana
nechanza paupamhi uye chakapetwa kaviri. 10 Ipapo vakagadzira mitsara
mina yamatombo anokosha pamusoro pacho. Mumutsara wokutanga
makanga mune ibwe rerubhi, topazi nebheriri; 11 mumutsara wechipiri
maiva netekoisi, nesafire uye neemaradhi; 12 mumutsara wechitatu

‡ **38:27** 38:27 matani 3.4 § **38:28** 38:28 makirogiramu angaita 20 * **38:29** 38:29 makirogiramu angaita 20 * **39:9** 39:9 masendimita angaita 23

maiva nejasindi, neagati uye neametisiti; 13 mumutsara wechina maiva
nekirisoriti, neonikisi uye nejasipa. Akanga akagadzirwa mukati ma-
maruva egoridhe. 14 Paiva namatombo gumi namaviri, rimwe richimirira
rimwe ramazita avanakomana vaIsraeri, rimwe nerimwe rakanyorwa,
sorunyoro rwakatemwa padombo sechisimbiso, chine rimwe ramazita
amarudzi gumi namaviri.

15 Chidzitiro chechipfuva vakachiitirawo uketani hwakarukwa
negoridhe rakaisvonaka, rwakaita setambo. 16 Vakaita maruva maviri
egoridhe nemhete mbiri dzegoridhe, uye vakasungirira mhete idzi pana
mamwe amakona maviri echidzitiro chechipfuva. 17 Vakasungirira
humwe uketani huviri hwegoridhe pamhete dzapamakona echidzitiro
chechipfuva, 18 uye mimwe miromo youketani pamaruva maviri,
zvichibatanidzwa pazvipenga zvapamapfudzi eefodhi nechemberi.
19 Vakagadzira mhete dzegoridhe mbiri vakadzibatanidza namamwe
makona maviri echidzitiro chechipfuva pamupendero nechomukati pedyo
neefodhi. 20 Ipapo vakagadzira dzimwezve mhete mbiri dzegoridhe
uye vakadzibatanidza nechepasi pezvipenga zvamapfudzi pamberi
peefodhi, pedyo nemusono uri nechapamusoro pebhanhire romuchiuno
refodhi. 21 Vakasungirira mhete dzapachidzitiro chapachipfuva pamhete
dzapaefodhi netambo yebhuruu, ichiibatanidza nebhanhire romuchiuno
kuitira kuti chidzitiro chechipfuva chirege kubva paefodhi, sokurayira
kwaJehovha kuna Mozisi.

### *Dzimwe Nguo dzoUprista*

22 Vakaita jasi reefodhi nomucheka webhuruu yoga, basa romu-
ruki, 23 rakazaruka pakati pejasi sokuzaruka kwekora, uye mupendero
wakapoteredza buri iri, kuitira kuti rirege kubvaruka. 24 Vakaita
matamba ewuru yebhuruu, nepepuru netsvuku nomucheka wakarukwa
zvakaisvonaka wakapoteredza mupendero wejasi. 25 Uye vakaita
matare egoridhe rakaisvonaka uye vakaabatanidza achipoteredza mu-
pendero pakati pamatamba. 26 Matare namatamba akanga achipesana
akapoteredza mupendero wejasi rinofanira kupfekwa pakushumira, soku-
rayira kwaJehovha kuna Mozisi.

27 Vakaitira Aroni navanakomana vake, majasi omucheka wakaisvon-
aka, basa romuruki, 28 uye nguwani yomucheka wakaisvonaka, bhanhire
romucheka romumusoro uye nenguo dzapasi dzomucheka wakarukwa
zvakaisvonaka. 29 Ndaza yacho yakanga iri yomucheka wakarukwa
zvakaisvonaka wewuru yebhuruu, pepuru netsvuku, basa romuruki,
sokurayira kwaJehovha kuna Mozisi.

30 Vakagadzira ndiro, korona tsvene, yegoridhe rakaisvonaka uye
yakanyorwa pairi, sorunyoro rwapachisimbiso, kuti: MUTSVENE KUNA
JEHOVHA. 31 Ipapo vakasungirira tambo yebhuruu pairi kuti ibatanidzwe
nenguwani, sokurayira kwaJehovha kuna Mozisi.

### *Mozisi anoongorora Tabhenakeri*

32 Saka basa rose patabhenakeri, Tende Rokusangana, rakapera. VaIs-
raeri vakaita zvinhu zvose sezvakanga zvarayirwa naJehovha kuna Mozisi.
33 Ipapo vakauya netabhenakeri kuna Mozisi:

tende nenhumbi dzaro dzose, zvikorekedzo zvayo, mapuranga, mbariro,
matanda nezvigadziko;

[34] chifukidzo chamatehwe amakondobwe akapendwa zvitsvuku, chifukidzo chamatehwe emombe dzomugungwa nezvidzitiro zvokudzivirira;
[35] areka yeChipupuriro namapango ayo nechifunhiro chokuyananisa;
[36] tafura nemidziyo yayo dzose nechingwa choKuratidza;
[37] zvigadziko zvomwenje zvegoridhe rakaisvonaka nemitsara yacho yemwenje, nhumbi dzayo dzose, namafuta omwenje;
[38] aritari yegoridhe, mafuta okuzodza, zvinonhuhwira kwazvo nechidzitiro chapamukova wetende;
[39] aritari yendarira, chiparo chayo chendarira, mapango ayo nemidziyo yayo yose;
dhishi nechigadziko charo;
[40] zvidzitiro zvoruvazhe namatanda nezvigadziko zvarwo, uye chidzitiro chapamukova woruvazhe;
tambo nembambo dzetende dzaparuvazhe;
midziyo yose yetabhenakeri, Tende Rokusangana;
[41] uye jasi rakarukwa rinopfekwa pakushumira munzvimbo tsvene, zvose nguo tsvene dzaAroni muprista nenguo dzavanakomana vake pavanoshumira savaprista.

[42] VaIsraeri vakanga vaita basa rose sokurayira kwaJehovha kuna
Mozisi. [43] Mozisi akaongorora basa uye akaona kuti vakanga variita
sokurayira kwakanga kwaita Jehovha. Saka Mozisi akavaropafadza.

# 40

*Kudzika Tabhenakeri*

[1] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, [2] "Dzika tabhenakeri, Tende
Rokusangana, pazuva rokutanga romwedzi wokutanga. [3] Uise areka
yeChipupuriro mairi uye ugofukidza areka nechidzitiro. [4] Upinze tafura
ugoisa zvinhu zvayo pairi. Ipapo ugopinza chigadziko chomwenje
ugomisa mwenje yacho. [5] Uise aritari yezvinonhuhwira yegoridhe pamberi peareka yechipupuriro uye ugoisa chidzitiro pamukova wokupinda mutabhenakeri.

[6] "Uise aritari yezvipiriso zvinopiswa pamberi pomukova wokupinda
kutabhenakeri, Tende Rokusangana; [7] uise dhishi pakati peTende Rokusan-
gana nearitari ugoisa mvura mariri. [8] Ugadzire ruvazhe rwakaipoteredza uye ugoisa chidzitiro pamukova woruvazhe.

[9] "Utore mafuta okuzodza ugozodza tabhenakeri nezvinhu zvose zvir-
imo; uinatse nemidziyo yayo yose, uye ichava tsvene. [10] Ipapo ugozodza
aritari yezvipiriso zvinopiswa nemidziyo yayo yose; unatse aritari, uye
ichava tsvene-tsvene. [11] Uzodze dhishi nechigadziko charo ugozvinatsa.

[12] "Uuye naAroni navanakomana vake kumukova weTende Rokusan-
gana ugovashambidza nemvura. [13] Ipapo ugopfekedza Aroni nguo tsvene, umuzodze uye ugomunatsa kuti agondishumira somuprista.
[14] Uuyise vanakomana vake ugovapfekedza majasi. [15] Uvazodze sokuzodza kwawaita baba vavo, kuti vagondishumira savaprista. Kuzodzwa kwavo kuchava kwouprista hucharamba huripo kuzvizvarwa zvinotevera."
[16] Mozisi akaita zvose sezvaakarayirwa naJehovha.

[17] Saka tabhenakeri yakamiswa pazuva rokutanga romwedzi woku-
tanga mugore rechipiri. [18] Mozisi akati amisa tabhenakeri, akaisa

zvigadziko panzvimbo yazvo, akadzika mapuranga, akapinza mbariro
uye akamisa matanda. [19] Ipapo akatambanudza tende akariisa pamu-
soro petabhenakeri ndokuisa chifukidzo pamusoro petende, sokurayirwa
kwaakaitwa naJehovha.
[20] Akatora Chipupuriro akachiisa muareka, akabatanidza mapango
paareka uye akaisa chifunhiro chokuyananisa pamusoro payo. [21] Ipapo
akauyisa areka mutabhenakeri ndokuturika chidzitiro chokufukidzira
akafukidza areka yeChipupuriro, sokurayira kwakaita Jehovha.
[22] Mozisi akaisa tafura muTende Rokusangana nechokurutivi rwoku-
musoro kwetabhenakeri kunze kwechidzitiro [23] uye akaisa chingwa
pamusoro payo pamberi paJehovha, sokurayirwa kwaakaitwa naJehovha.
[24] Akaisa chigadziko chomwenje muTende Rokusangana chakatarisana
netafura nechokurutivi rwezasi rwetabhenakeri [25] uye akamisa mwenje
pamberi paJehovha, sokurayirwa kwaakaitwa naJehovha.
[26] Mozisi akaisa aritari yegoridhe muTende Rokusangana pam-
beri pechidzitiro, [27] uye akapisa zvinonhuhwira pairi, sokurayirwa
kwaakaitwa naJehovha. [28] Ipapo akaisa chidzitiro pamukova wetab-
henakeri.
[29] Akamisa aritari yezvipiriso zvinopiswa pedyo nomukova
wetabhenakeri, Tende Rokusangana, akapa pairi zvipiriso zvinopiswa
nezvipiriso zvezviyo, sokurayirwa kwaakaitwa naJehovha.
[30] Akaisa dhishi pakati peTende Rokusangana nearitari uye akaisa
mvura yokushamba mariri, [31] uye Mozisi naAroni navanakomana vake
vakaishandisa kushamba maoko avo netsoka dzavo. [32] Vaishamba
pose pavaipinda muTende Rokusangana kana kuswedera paaritari, soku-
rayirwa kwakaitwa Mozisi naJehovha.
[33] Ipapo Mozisi akaita ruvazhe rwakapoteredza tabhenakeri nearitari
uye akaturika chidzitiro pamukova wokupinda muruvazhe. Nokudaro
Mozisi akapedza basa.

*Kubwinya kwaJehovha*

[34] Ipapo gore rakafukidza Tende Rokusangana, uye kubwinya kwa-
Jehovha kwakazadza tabhenakeri. [35] Mozisi haana kugona kupinda
muTende Rokusangana nokuti gore rakanga ragara pariri, uye kubwinya
kwaJehovha kwakazadza tabhenakeri.
[36] Mukufamba kwose kwavaIsraeri, pose paisimuka gore kubva pamu-
soro petabhenakeri, ivo vaisimuka vachienda; [37] asi kana gore risina
kubva, vakanga vasingafambi, kusvikira pazuva rarinosimuka. [38] Saka
gore raJehovha raiva pamusoro petabhenakeri masikati; uye moto
wakanga uri mugore usiku, pamberi peimba yose yaIsraeri panguva
yokufamba kwavo kwose.

# REVHITIKO

*Mirayiro yeZvipiriso Zvinopiswa*

1 Jehovha akadana Mozisi akataura naye ari muTende Rokusangana
akati, 2 "Taura kuvana vaIsraeri uti kwavari, 'Kana munhu upi zvake
pakati penyu achiuya nechipiriso kuna Jehovha ngaauye nechipiriso
chezvipfuwo, zvemombe kana zvamakwai.

3 " 'Kana chipiriso chake chiri chinopiswa chinobva mudanga remombe,
ngaape chikono chisina kuremara. Ngaachibayire pamusuo weTende
Rokusangana kuti chigamuchirwe pamberi paJehovha. 4 Anofanira kuisa
ruoko rwake pamusoro pechibayiro chinopiswa uye chichagamuchirwa
chakamumirira iye kuti chimuyananisire. 5 Ngaabaye hando diki pamberi
paJehovha uye ipapo vanakomana vaAroni vaprista vachauya neropa
vagorisasa paaritari kumativi ose pamusuo wokupinda nawo muTende
Rokusangana. 6 Anofanira kuvhiya chipiriso chinopiswa agochicheka
kuita zvidimbu zvidimbu. 7 Vanakomana vaAroni, muprista, vanofanira
kuisa moto paaritari vagoronga huni pamoto. 8 Ipapo vanakomana vaA-
roni vaprista vacharonga zvidimbu zvenyama, zvichisanganisira musoro
namafuta pamusoro pehuni dzinenge dzichipfuta paaritari. 9 Anofanira
kusuka nyama yomukati namakumbo nemvura, uye muprista agopisa
zvose paaritari. Chipiriso chinopiswa, chipiriso chinogadzirwa nomoto,
chinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha.

10 " 'Kana chipiriso chiri chinopiswa, chinobva muzvipfuwo, chiri
chegwai kana chembudzi, anofanira kupa chikono chisina kuremara.
11 Ngaachibayire parutivi rwearitari nechokumusoro pamberi paJehovha,
vanakomana vaAroni vaprista vagosasa ropa kumativi ose earitari.
12 Anofanira kucheka nyama muzvidimbu uye muprista achaironga
pamwe chete nomusoro namafuta pamusoro pehuni dzinenge dzichipfuta
paaritari. 13 Anofanira kusuka nyama yomukati namakumbo nemvura,
uye muprista anofanira kuuyisa zvose agozvipisa pamusoro pearitari.
Chibayiro chinopiswa, chibayiro chakagadzirwa nomoto, chinonhuhwira
zvinofadza kuna Jehovha.

14 " 'Kana chipiriso chake kuna Jehovha chiri chipiriso chinopiswa
cheshiri, ngaape njiva kana hangaiwa ichiri diki. 15 Muprista achaiisa
paaritari agodambura musoro, oipisa paaritari; ropa rayo richaerera
parutivi pearitari. 16 Ngaabvise chihururu neminhenga agozvikanda
kumabvazuva kwearitari kunenge kune madota. 17 Achaibvambura
namapapiro ayo asingaiparadzanisi zvachose, muprista agoipisa pahuni
dziri pamoto uri paaritari. Chipiriso chinopiswa, chipiriso chakagadzirwa
nomoto, chinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha.

## 2

*Chipiriso cheZviyo*

1 " 'Kana munhu achiuya kuna Jehovha nechipiriso chezviyo, chipiriso
chake chinofanira kuva choupfu hwakatsetseka. Anofanira kudira mafuta

pachiri agoisa zvinonhuhwira pamusoro pacho, 2 agoenda nacho ku-
vanakomana vaAroni vaprista. Muprista achatora tsama youpfu hwakat-
setseka namafuta, pamwe chete nezvinonhuhwira, agozvipisa sechikamu
chechirangaridzo paaritari. Chipiriso chakagadzirwa nomoto, chinonhuh-
wira zvinofadza kuna Jehovha. 3 Zvimwe zvose zvinosara pazvipiriso
zvezviyo ndezvaAroni navanakomana vake, chikamu chitsvene-tsvene
chezvipiriso zvinoitirwa Jehovha nomoto.

4 " 'Kana ukauya nechipiriso chezviyo zvakabikwa muchitofu chino-
fanira kuva choupfu hwakatsetseka: makeke anenge aitwa asina mbiriso
uye akasanganiswa namafuta kana kuti makeke matete asina mbiriso
akazorwa mafuta. 5 Kana chipiriso chako chezviyo chagadzirirwa
mugango, chinofanira kugadzirwa noupfu hwakatsetseka hwakasangan-
iswa namafuta pasina mbiriso. 6 Unofanira kuchipfupfunyura ugodira
mafuta pachiri; ichi chipiriso chezviyo. 7 Kana chipiriso chako chezviyo
chakabikwa mugango chinofanira kuva choupfu hwakatsetseka namafuta.
8 Uuye nechipiriso chezviyo chakaitwa nezvinhu izvi kuna Jehovha,
ugochipa kumuprista achachiendesa kuaritari. 9 Muprista achatora
kubva muchipiriso chezviyo chikamu chechirangaridzo agochipisa paar-
itari sechipiriso chinogadzirwa nomoto, chinonhuhwira zvinofadza kuna
Jehovha. 10 Zvinosara pazvipiriso zvezviyo ndezvaAroni navanakomana
vake, chikamu chitsvene-tsvene chezvipiriso zvinoitirwa Jehovha nomoto.

11 " 'Zvipiriso zvose zvezviyo zvamunouya nazvo kuna Jehovha zvino-
fanira kugadzirwa pasina mbiriso nokuti hamufaniri kupisa chero mbiriso
kana uchi muchipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto. 12 Munokwanisa
kuzviuyisa kuna Jehovha sechipiriso chezvirimwa zvamunotanga kuko-
hwa asi hazvifaniri kuuyiswa paaritari somunhuwi unonhuhwira zvino-
fadza. 13 Rungai zvipiriso zvenyu zvose zvezviyo nomunyu. Musasiya
munyu wesungano yaMwari wenyu pazvipiriso zvenyu zvose zvezviyo;
muise munyu muzvipiriso zvenyu zvose zvezviyo.

14 " 'Kana uchiuyisa chipiriso chezviyo zvokutanga kuna Jehovha upe
hura dzezviyo zvitsva zvakakangwa pamoto uye zvakakuyiwa. 15 Uise
mafuta nezvinonhuhwira pazviri, chipiriso chezviyo. 16 Muprista achapisa
chikamu chechirangaridzo chezviyo zvakakuyiwa, namafuta, pamwe
chete nezvose zvinonhuhwira, sechipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto.

# 3

*Zvipiriso zvoKuwadzana*

1 " 'Kana chipiriso chomumwe chiri chokuwadzana, uye akapa chip-
fuwo, chichibva mudanga, chingava chikono kana chikadzi, anofanira ku-
uyisa pamberi paJehovha chipfuwo chisina kuremara. 2 Anofanira kuisa
ruoko rwake pamusoro pechibayiro chake agochibayira pamusuo we-
Tende Rokusangana. Ipapo vanakomana vaAroni vaprista vachasasa ropa
kumativi ose earitari. 3 Kubva pachipiriso chokuwadzana anofanira kuuya
nechipiriso chinoitwa nomoto kuna Jehovha, mafuta ose anofukidza ura,
kana akabatana nahwo, 4 itsvo mbiri namafuta ari pamusoro padzo,
pedyo napachiuno, nezvinofukidza chiropa, zvaachabvisa pamwe chete
neitsvo. 5 Ipapo vanakomana vaAroni vanofanira kuzvipisa paaritari pa-
musoro pechipiriso chinopiswa chinenge chichitsva pamoto, sechibayiro
chinoitwa nomoto, chinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha.

[6] " 'Kana achipa gwai sechipiriso chokuwadzana kuna Mwari anofanira
kupa gono kana gadzi risina kuremara. [7] Kana achipa gwayana,
anofanira kuriuyisa pamberi paJehovha. [8] Anofanira kuisa ruoko rwake
pamusoro pechibayiro chake agochiuraya pamberi peTende Rokusangana. Ipapo vanakomana vaAroni vachasasa ropa paaritari kumativi
ose. [9] Kubva pachipiriso chokuwadzana anofanira kuuya nechipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto, mafuta acho, ose mafuta echimuswe chakakora chakadimurwa, nechapamusana, ose mafuta akafukidza ura neakabatana
nahwo, [10] itsvo mbiri namafuta ari padziri pedyo nechiuno nezvakafukidza chiropa, achazvibvisa pamwe chete neitsvo. [11] Muprista achazvipisa paaritari sezvokudya, chipiriso chinoitwa kuna Mwari nomoto.
[12] " 'Kana chipiriso chake chiri mbudzi, anofanira kuipa kuna Jehovha.
[13] Anofanira kuisa ruoko rwake pamusoro payo agoibayira pamberi peTende Rokusangana. Ipapo vanakomana vaAroni vachasasa ropa
rayo paaritari kumativi ose. [14] Kubva kune zvaanopa anofanira kupa kuna Jehovha chipiriso ichi chakaitwa nomoto, mafuta ose anofukidza
zvose zvomukati kana zvakabatana nazvo, [15] itsvo mbiri namafuta ari padziri pedyo nechiuno neakafukidza chiropa, zvichabviswa pamwe chete
neitsvo. [16] Vaprista vachazvipisa paaritari sezvokudya, chipiriso chinoitwa nomoto, chinonhuhwira zvinofadza. Mafuta ose ndeaJehovha.
[17] " 'Uyu murayiro usingaperi kumarudzi achatevera, kwose kwamuchagara: Hamufaniri kudya mafuta kana ropa.' "

# 4

*Zvipiriso zveZvivi*

[1] Jehovha akati kuna Mozisi, [2] "Uti kuvana veIsraeri, 'Kana munhu upi zvake akatadza nokusaziva akaita zvisingabvumirwi pamurayiro upi
zvawo waJehovha, [3] kana muprista akazodzwa, akatadza akauyisa mhosva pamusoro pavanhu, anofanira kuuya kuna Jehovha nehando diki isina
kuremara sechibayiro chechivi, nokuda kwechivi chaakaita. [4] Anofanira kupa hando diki pamusuo weTende Rokusangana pamberi paJehovha. Anofanira kuisa ruoko rwake pamusoro payo agoibaya pamberi paJehovha. [5] Ipapo muprista akazodzwa achatora rimwe reropa rehando iyi
agoritakura agopinda naro muTende Rokusangana. [6] Anofanira kunyika munwe muropa agosasa rimwe racho kanomwe pamberi paJehovha;
pamberi pechidzitiro chenzvimbo tsvene. [7] Muprista achatora rimwe ropa agoisa panyanga dzearitari yezvinonhuhwira zviri pamberi paJehovha muTende Rokusangana. Rimwe ropa rose acharidira mujinga mearitari
yezvibayiro zvinopiswa pamusuo weTende Rokusangana. [8] Achabvisa
mafuta anofukidza zvose zvomukati kana akabatana nazvo, [9] itsvo mbiri namafuta ari padziri pedyo nechiuno nezvakafukidza chiropa, achazvibvisa pamwe chete neitsvo, [10] sokubviswa kunoitwa mafuta pahando inopiwa sechibayiro chokuwadzana. Ipapo muprista achazvipisa paaritari
yezvipiriso zvinopiswa. [11] Asi dehwe rehando, nyama yose pamwe
chete nomusoro namakumbo, ura zvomukati namazvizvi, [12] zvinoreva kuti zvose zvehando, anofanira kuzvibudisa kunze kwemisasa panzvimbo yakacheneswa, panorasirwa madota agozvipisa pamoto wehuni padurunhuru.
[13] " 'Kana ungano yose yaIsraeri ikatadza nokusaziva ikaita zvisingatenderwi pamirayiro ipi zvayo yaJehovha, kunyange ungano isingazivi kuti

chii chakaitika, vose vane mhosva. 14 Kana vakaziva chivi chavakaita,
ungano ichapa hando diki sechipiriso chechivi vagouya nayo kuTende
Rokusangana. 15 Vakuru veungano vanofanira kuisa maoko avo pa-
musoro wehando pamberi paJehovha uye hando ichabayiwa pamberi
paJehovha. 16 Ipapo muprista akazodzwa achatora rimwe ropa rehando
agopinda naro muTende Rokusangana. 17 Achanyika munwe wake
muropa agorisasa pamberi paJehovha kanomwe, pamberi pechidzitiro.
18 Anofanira kuisa rimwe ropa panyanga dzearitari iri pamberi paJe-
hovha muTende Rokusangana. Rimwe ropa rose acharidururira mu-
jinga mearitari yechibayiro chinopiswa pamusuo weTende Rokusangana.
19 Achabvisa mafuta ose pairi agoapisa paaritari 20 agoita nehando iyi
zvaakaita nehando yechipiriso chezvivi. Nenzira iyi muprista anofanira
kuvayananisira, uye vacharegererwa. 21 Ipapo achaenda nehando kunze
kwomusasa agoipisa sokupisa kwaakaita hando yokutanga. Ichi ndicho
chipiriso chezvivi cheungano yavanhu.

22 " 'Kana mutungamiri akatadza nokusaziva, akaita zvinorambidzwa
pamirayiro ipi zvayo yaJehovha Mwari wake, ane mhosva. 23 Kana
akaziviswa chivi chaakaita, anofanira kuuya nechipiriso chake chenhongo
yembudzi isina kuremara. 24 Anofanira kuisa ruoko rwake pamusoro
wembudzi agoibayira panzvimbo panobayirwa chipiriso chinopiswa pam-
beri paJehovha. Ichi chipiriso chezvivi. 25 Ipapo muprista achatora rimwe
ropa rechibayiro chezvivi nomunwe wake agoriisa panyanga dzeari-
tari yechibayiro chinopiswa agodurura rimwe rose mujinga mearitari.
26 Achapisa mafuta ose paaritari sokupisa kwaakaita mafuta echibayiro
chokuwadzana. Nenzira iyi muprista achayananisira munhu pazvivi
zvake uye acharegererwa.

27 " 'Kana nhengo yeungano yavanhu ikatadza nokusaziva uye ikaita
zvisingabvumirwi mumurayiro upi noupi waJehovha, ine mhosva. 28 Kana
akaziviswa chivi chaakaita, anofanira kuuya nechibayiro chake chechivi
chaakaita mbudzi hadzi isina kuremara. 29 Anofanira kuisa ruoko rwake
pamusoro wechibayiro chechivi agochiuraya panzvimbo yechipiriso
chinopiswa. 30 Ipapo muprista achatora rimwe ropa nomunwe wake
agoriisa panyanga dzearitari yechibayiro chinopiswa agodira rimwe ropa
rose mujinga mearitari. 31 Achabvisa mafuta ose sokubviswa kunoitwa
mafuta pachibayiro chokuwadzana uye muprista achazvipisa paari-
tari sezvinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha. Nenzira iyi muprista
achamuyananisira uye acharegererwa.

32 " 'Kana akauya negwayana rechipiriso chake chezvivi, anofanira
kuuya nesheshe isina kuremara. 33 Anofanira kuisa ruoko rwake
pamusoro waro agoribaya sechibayiro chezvivi panzvimbo inobayirwa
chipiriso chinopiswa. 34 Ipapo muprista achatora rimwe ropa racho
nomunwe wake agoriisa panyanga dzearitari yechibayiro chinopiswa
agodurura rimwe ropa rose mujinga mearitari. 35 Achabvisa mafuta
ose sokubviswa kunoitwa mafuta pagwayana rechibayiro chokuwadzana,
uye muprista achazvipisa paaritari pamusoro pezvipiriso zvinoitwa
kuna Mwari nomoto. Nenzira iyi muprista achamuyananisira pachivi
chaakaita, uye acharegererwa.

# 5

1 " 'Kana munhu akatadza nokuti aramba kupa uchapupu iye
achinzi ape uchapupu pamusoro pezvaakaona kana zvaakanzwa, achava

nemhosva.
2 “ ‘Kana kuti munhu akabata zvinhu zvipi zvazvo zvisina kuchena, zvin-
gava zvitunha zvemhuka dzesango dzisina kuchena, kana mombe isina
kuchena, kana zvipuka zvisina kuchena zvinofamba pavhu, kunyange
asingazvizivi, atova asina kuchena uye ane mhosva.
3 “ ‘Kana kuti akabata zvisakachena zvavanhu, chinhu chipi zvacho
chinoita kuti asava akachena, kunyange asingazvizivi, paanozozviziva,
achava nemhosva.
4 “ ‘Kana kuti munhu asina kunyatsofungisisa akaita mhiko yokuti
achaita chimwe chinhu, chingava chakanaka kana chakaipa, panyaya
ipi zvayo, munhu yaanenge apika pamusoro payo asina kufungisisa,
kunyange zvazvo asingazvizivi, paanozozviziva achava nemhosva.
5 “ ‘Kana munhu akava nemhosva pane chimwe chaizvozvi anofanira
kureurura nzira yaakatadza nayo 6 uye somuripo wechivi chaakaita,
anofanira kuuya kuna Jehovha negwayana sheshe kana mbudzana
sechipiriso chechivi uye muprista achamuyananisira chivi chake.
7 “ ‘Kana asingakwanisi kuuya negwayana anofanira kuuya nenjiva
mbiri kana hangaiwa diki mbiri kuna Jehovha somuripo wechivi chake,
imwe somuripo wechivi, imwe sechipiriso chinopiswa. 8 Anofanira kudzi-
uyisa kumuprista uyo achatanga kupa imwe yacho sechipiriso chechivi.
Anofanira kumonyorora mutsipa wayo asingabvisi musoro zvachose.
9 Achasasa rimwe ropa rechipiriso chezvivi kumativi earitari, rimwe ropa
rose rinofanira kudururwa mujinga mearitari. Ichi chipiriso chechivi.
10 Ipapo muprista achapa chimwe chacho sechipiriso chinopiswa nenzira
yakatarwa agomuyananisira pachivi chaakaita, uye acharegererwa.
11 “ ‘Asi, kana asingakwanisi kuuya nenjiva mbiri kana hangaiwa diki
mbiri, anofanira kuuya nechipiriso chezvivi zvake chiri chegumi cheefa*
youpfu hwakatsetseka sechipiriso chezvivi. Haafaniri kuisa mafuta
kana zvinonhuhwira pazviri nokuti chipiriso chechivi. 12 Anofanira
kuzviuyisa kumuprista uyo achatora tsama sechikamu chechirangaridzo
agozvipisa paaritari pamusoro pezvipiriso zvinoitirwa Jehovha nomoto.
Ichi chipiriso chezvivi. 13 Nenzira iyi muprista achamuyananisira pazvivi
zvose zvaakaita uye acharegererwa. Zvimwe zvose zvezvipiriso zvinosara
zvichava zvomuprista, sezvinoitwa nezvipiriso zvezviyo.’ ”

### *Chipiriso cheMhosva*

14 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi: 15 “Kana munhu akakanganisa
chimwe chinhu uye akatadza nokusaziva maererano nezvinhu zvose
zvitsvene zvaJehovha, anofanira kuuya kuna Jehovha nomuripo we-
gondobwe risina kuremara, uye rine muripo unokwanirana nesirivha,
maererano neshekeri repanzvimbo tsvene†. Ichi chipiriso chezvivi.
16 Anofanira kuripira zvaakatadza kuita maererano nezvinhu zvitsvene,
agowedzera chikamu chimwe chete kubva muzvishanu agopa zvose
kumuprista, achamuyananisira negondobwe sechipiriso chemhosva, uye
acharegererwa.
17 “Kana munhu akatadza uye akaita zvisingabvumirwi pamirayiro
ipi zvayo yaJehovha, kunyange asingazvizivi, ane mhosva uye achava
nemhaka. 18 Anofanira kuuya kumuprista nechipiriso chemhosva gon-
dobwe risina kuremara uye rine muripo wakafanira. Nenzira iyi
muprista achamuyananisira pakukanganisa kwaakaita nokusaziva, uye

* **5:11** 5:11 marita angaita 2 † **5:15** 5:15 magiramu angaita 11.5

acharegererwa. 19 Ichi chipiriso chezvivi, akabatwa nemhosva yaakapara
kuna Jehovha.”

## 6

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 “Kana mumwe akatadza uye akasav-
imbika kuna Jehovha nokunyengedza muvakidzani wake pazvinhu
zvaakachengeteswa, kana zvaakabatiswa kana zvakabiwa, kana kuti
akamubiridzira, 3 kana kuti akawana nhumbi dzakarasika akareva
nhema pamusoro padzo, kana kuti akapika nhema kana kuti akaita
chivi chipi zvacho chingaitwa navanhu, 4 kana akatadza kudaro akava
nemhosva, anofanira kudzosa zvaakaba kana zvaakatora nokumanikidza,
kana kuti zvaakachengeteswa kana kuti zvakarasika zvaakawana, 5 kana
kuti chipi zvacho chaakapupura nhema pamusoro pacho. Anofanira
kudzorera zvakazara owedzera chikamu chimwe chete kubva muzvishanu
pazviri agopa zvose kumuridzi pazuva raanouya nechipiriso chemhosva.
6 Somuripo anofanira kuuyisa kumuprista, ndiko kuti kuna Jehovha,
chipiriso chake chemhosva chegondobwe, kubva mumakwai, risina
kuremara uye rine mutengo unokwanirana. 7 Nenzira iyi muprista
achamuyananisira pamberi paJehovha uye acharegererwa pane zvose
zvaakaita zvakamuita kuti ave nemhosva.”

### *Chipiriso Chinopiswa*

8 Jehovha akati kuna Mozisi, 9 “Ipa Aroni navanakomana vake mu-
rayiro uyu uti, ‘Iyi ndiyo mirayiro yechipiriso chinopiswa: Chipiriso
chinopiswa chinofanira kuramba chiri pachoto paaritari usiku hwose,
kusvikira mangwanani, uye moto unofanira kuramba uchibvira paaritari.
10 Ipapo muprista achapfeka hanzu dzake dzomucheka, nebhurukwa rake
romucheka pamuviri wake, uye achabvisa madota echipiriso chinopiswa
nomoto paaritari agoaisa parutivi pearitari. 11 Ipapo anofanira kubvisa
nguo idzi ogopfeka dzimwe, uye ogotakura madota aya agoenda nawo
kunze kwomusasa kunzvimbo yakacheneswa. 12 Moto uri paaritari
unofanira kuramba uchibvira, haufaniri kudzima. Mangwanani oga
oga muprista anofanira kuwedzera huni agoronga chipiriso chinopiswa
pamoto, agopisa mafuta ezvipiriso zvokuwadzana pairi. 13 Moto unofanira
kuramba uchibvira paaritari nguva dzose; uye haufaniri kudzima.

### *Chipiriso cheZviyo*

14 “ ‘Iyi ndiyo mirayiro yechipiriso chezviyo: Vanakomana vaA-
roni vanofanira kuuya nacho pamberi paJehovha, pamberi pearitari.
15 Muprista anofanira kutora tsama youpfu hwakatsetseka namafuta,
pamwe chete nezvinonhuhwira zvose pachipiriso chezviyo agopisa
chikamu chechirangaridzo paaritari sezvinonhuhwira zvinofadza kuna
Jehovha. 16 Aroni navanakomana vake vachadya zvinosara zvacho,
asi zvinofanira kudyiwa zvisina mbiriso panzvimbo tsvene, vanofanira
kuzvidyira muchivanze cheTende Rokusangana. 17 Hazvifaniri kubikwa
nembiriso, ndazvipa kwavari sechikamu chezvibayiro zvinoitwa kwandiri
nomoto. Sechipiriso chezvivi nechipiriso chemhosva, zvitsvene-tsvene.
18 Munhurume wose wechizvarwa chaAroni anogona kuzvidya. Chikamu
chake chaanofanira kugara achiwana pazvipiriso zvinopiwa kuna Jehovha
nomoto kuzvizvarwa zvichatevera. Munhu wose achabata izvi achava
mutsvene.’ ”

[19] Uye Jehovha akati kuna Mozisi, [20] "Ichi ndicho chibayiro chaAroni
navanakomana vake chavanofanira kuuyisa kuna Jehovha pazuva
raanozodzwa: chegumi cheefa* youpfu hwakatsetseka sechipiriso
chezviyo chamazuva ose, hafu yacho mangwanani neimwe hafu
manheru. [21] Zvibikei namafuta mugango. Muuye nazvo zvakasanganiswa
zvakanaka, mugouya nechipiriso chezviyo chakamedurwa-medurwa
sezvinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha. [22] Mwanakomana
achamutevera somuprista akazodzwa achazvigadzira. Chikamu
chamazuva ose chaJehovha uye chinofanira kupiswa chose. [23] Zvose
zvipiriso zvezviyo zvomuprista zvichapiswa chose, hazvifaniri kudyiwa."

### *Chipiriso cheChivi*

[24] Jehovha akati kuna Mozisi, [25] "Uti kuna Aroni navanakomana
vake, 'Iyi ndiyo mirayiro yechipiriso chechivi. Chipiriso chechivi chi-
nofanira kubayiwa pamberi paJehovha panzvimbo inobayirwa chipiriso
chinopiswa; chitsvene-tsvene. [26] Muprista anopa izvozvo achazvidya;
zvinofanira kudyirwa panzvimbo tsvene muchivanze cheTende Roku-
sangana. [27] Chose chinogunzva nyama chichava chitsvene, uye kana
rimwe ropa rikawira panguo, unofanira kuisukira panzvimbo tsvene.
[28] Hari yevhu inobikirwa nyama inofanira kuputswa; asi kana zvikabikwa
mupoto yendarira, poto inofanira kukweshwa igosukurudzwa nemvura.
[29] Murume wose ari mumhuri yomuprista anogona kuidya; itsvene-
tsvene. [30] Asi chipiriso chechivi, chipi nechipi chine ropa richauyiswa mu-
Tende Rokusangana kuti rizoyananisira muNzvimbo Tsvene, hachifaniri
kudyiwa; chinofanira kupiswa.

## 7

### *Chipiriso cheMhosva*

[1] " 'Iyi ndiyo mirayiro yechipiriso chemhosva chitsvene-tsvene.
[2] Chipiriso chemhosva chinofanira kubayirwa panzvimbo panobayirwa
chipiriso chinopiswa uye ropa racho rinofanira kusaswa paaritari
kumativi ose. [3] Mafuta acho ose achapiswa sechipiriso, chimuswe
chakakora namafuta akafukidza zvomukati, [4] itsvo mbiri namafuta ari
padziri pedyo nechiuno, uye zvakafukidza chiropa, zvinofanira kubviswa
pamwe chete neitsvo. [5] Muprista anofanira kuzvipisa paaritari sechipiriso
chinoitirwa Jehovha nomoto. Ichi chipiriso chemhosva. [6] Munhurume
upi zvake weimba yomuprista angachidya, asi chinofanira kudyirwa
munzvimbo tsvene; chitsvene-tsvene.
[7] " 'Chipiriso chemhosva chinofanira kuitwa sezvinoitwa nechipiriso
chezvivi: ndechomuprista anoyananisira nazvo. [8] Muprista anopisa
chipiriso chinopiswa chomunhu upi zvake anogona kuzvichengetera
dehwe racho. [9] Zvipiriso zvose zvezviyo zvinobikwa muchitofu kana zvi-
nobikwa mugango kana muhari ndezvomuprista anozvipa, [10] uye zvipiriso
zvose zvezviyo zvingava zvakasangana namafuta kana zvakaoma, ndez-
vavanakomana vaAroni, mumwe nomumwe, zvakamuringana.

### *Chipiriso choKuwadzana*

[11] " 'Iyi ndiyo mirayiro yechipiriso chokuwadzana, chinogona kupiwa
nomunhu kuna Jehovha.

* **6:20** 6:20 marita angaita 2

12 “ ‘Kana akachipa sechiratidzo chokuvonga ipapo pamwe chete
nechipiriso chokuvonga ichi, anofanira kupa makeke echingwa
chakabikwa chisina mbiriso, chakaiswa mafuta, makeke matete akabikwa
pasina mbiriso, akazorwa mafuta, namakeke oupfu hwakatsetseka
akanyatsokanywa akaiswa mafuta. 13 Pamwe chete nechipiriso chake
chokuwadzana chokuvonga anofanira kupa chipiriso chamakeke
akabikwa nembiriso. 14 Anofanira kuuya nemhando imwe neimwe
sechipiriso, chikamu chinopiwa kuna Jehovha; ndezvomuprista
anosasa ropa nezvipiriso zvokuwadzana. 15 Nyama yechipiriso chake
chokuwadzana chokuvonga inofanira kudyiwa musi wainopiwa.
Haafaniri kusiya imwe kusvikira mangwanani.

16 “ ‘Kana chipiriso chake chiri chemhiko kana kuti chiri chipiriso
chokungopawo, chibayiro ichocho chichadyiwa musi wachinopiwa, asi
chinhu chose chinosara chinogona kudyiwa musi unotevera. 17 Nyama
yose yechibayiro inosara kusvikira zuva rechitatu inofanira kupiswa.
18 Kana nyama yechipiriso chokuwadzana ikadyiwa nomusi wechitatu
haizogamuchirwi. Hazvigamuchirwi panzvimbo yomunhu anenge azvipa
nokuti hazvina kuchena, munhu achadya chikamu chipi chazvo achava
nemhosva yacho.

19 “ ‘Nyama inogunzva chisina kucheneswa haifaniri kudyiwa, ino-
fanira kupiswa. Kana iri imwe nyama, munhu wose akacheneswa
anogona kuidya. 20 Asi kana munhu asina kuchena akadya nyama
iyi yokuwadzana yaJehovha, munhu iyeye anofanira kubviswa pakati
pavanhu vokwake. 21 Kana munhu akabata chinhu chisina kuchena,
kunyange kusachena kwavanhu, kana mhuka isina kuchena, kana chose
chisina kuchena, chinhu chinonyangadza, uye akazodya nyama ipi
yechipiriso chokuwadzana chaJehovha, munhu iyeye anofanira kubviswa
pakati pavanhu vokwake.’ ”

### *Kudya mafuta neropa zvinorambidzwa*

22 Jehovha akati kuna Mozisi, 23 “Uti kuvana veIsraeri, ‘Musadya mafuta
api zvawo emombe, makwai kana mbudzi. 24 Mafuta echipfuwo chinenge
chawanikwa chakafa kana chabvamburwa nezvikara zvesango anogona
kushandiswa pana mamwe mabasa asi hamufaniri kuadya. 25 Munhu
wose anodya mafuta emhuka inoitwa nayo chipiriso chinoitirwa Jehovha
nomoto anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake. 26 Kwose kwose
kwamunogara hamufaniri kudya ropa reshiri kana mhuka ipi zvayo.
27 Kana munhu upi zvake akadya ropa, munhu iyeye anofanira kubviswa
pakati pavanhu vokwake.’ ”

### *Mugove waVaprista*

28 Jehovha akati kuna Mozisi, 29 “Uti kuvana veIsraeri, ‘Munhu
wose anouya nechipiriso chokuwadzana kuna Jehovha anofanira ku-
uya nechikamu chacho sechibayiro kuna Jehovha. 30 Namaoko ake
anofanira kuuya nechipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto, anofanira
kuuya namafuta pamwe chete nechityu, agoninira chityu kuna Jehovha
sechipiriso chokuninira. 31 Muprista achapisa mafuta paaritari, asi
chityu ndechaAroni navanakomana vake. 32 Munofanira kupa ban-
dauko rorudyi pazvipiriso zvenyu zvokuwadzana kumuprista somugove
wakewo. 33 Mwanakomana waAroni anopa ropa namafuta echipiriso
chokuwadzana achatora bandauko rokurudyi somugove wake. 34 Kubva

kuzvipiriso zvokuwadzana zvavana veIsraeri ndatora chityu chinoninirwa
nebandauko rinouyiswa ndikazvipa kuna Aroni muprista navanakomana
vake somugove wavo wavanofanira kugara vachiwana kubva kuvaIs-
raeri.' ”
35 Uyu ndiwo mugove wezvibayiro zvinoitirwa Jehovha nomoto
zvakapiwa kuna Aroni navanakomana vake pazuva ravakagadzwa kuti
vashumire Jehovha savaprista. 36 Pazuva ravakazodzwa, Jehovha
akarayira kuti vaIsraeri vape izvi kwavari somugove wavanofanira kugara
vachiwana kuzvizvarwa zvichatevera.
37 Zvino iyi ndiyo mirayiro yezvipiriso zvinopiswa, chipiriso chezviyo,
chipiriso chechivi, chipiriso chemhosva, chipiriso chokugadzwa
nechipiriso chokuwadzana, 38 zvakapiwa Mozisi naJehovha paGomo
reSinai pazuva raakarayira vaIsraeri kuti vauye nezvipiriso kuna Jehovha
muGwenga reSinai.

# 8

*Kugadzwa kwaAroni navanakomana vake*
1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 “Uya naAroni navanakomana vake, nguo
dzavo, mafuta okuzodza nawo, hando yechipiriso chechivi, makondobwe
maviri nedengu rine chingwa chisina mbiriso, 3 ugounganidza ungano
yose pamusuo weTende Rokusangana.” 4 Mozisi akaita sezvaakaudzwa
naJehovha, uye ungano ikaungana pamusuo weTende Rokusangana.
5 Mozisi akati kuungano, “Izvi ndizvo zvarayirwa naJehovha kuti
zviitwe.” 6 Ipapo Mozisi akauya naAroni navanakomana vake mberi
akavashambidza nemvura. 7 Akapfekedza Aroni nguo akamusunga
bhanhire, akamupfekedza jasi, uye akamupfekedza efodhi. Akasun-
girirawo efodhi paari nendaza yakanga yakasonwa nounyanzvi; saka
yakasungirirwa paari. 8 Akaisa chidzitiro chepachipfuva paari uye akaisa
Urimi neTumimi pachidzitiro chepachipfuva. 9 Ipapo akaisa nguwani
pamusoro waAroni, nechemberi akaisa hwendefa regoridhe, iyo korona
tsvene, sezvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha.
10 Ipapo Mozisi akatora mafuta okuzodza akazodza tabhenakeri nezvose
zvakanga zvirimo, naizvozvo akazvitsaura. 11 Akasasa mamwe mafuta
paaritari kanomwe, achizodza aritari nemidziyo yayo yose nedhishi
nechigadziko charo kuti azvitsaure. 12 Akadurura mamwe mafuta
okuzodza pamusoro waAroni, akamuzodza achimutsaura. 13 Ipapo akauya
navanakomana vaAroni mberi, akavapfekedza nguo, akavasunga zvi-
uno namabhanhire akavapfekedza nguwani mumusoro sezvakarayirwa
Mozisi naJehovha.
14 Akazouya nehando yechipiriso chechivi, Aroni navanakomana vake
vakaisa maoko avo pamusoro wayo. 15 Mozisi akabaya hando akatora
rimwe ropa rayo, akariisa panyanga dzose dzearitari kuti achenese aritari.
Akadurura rimwe ropa rose mujinga mearitari. Naizvozvo akaitsaura kuti
aiyananisire. 16 Mozisi akatora mafuta ose akanga akafukidza nhengo
dzomukati, akanga akafukidza chiropa, neitsvo mbiri namafuta adzo,
akazvipisa paaritari. 17 Asi hando nedehwe rayo nenyama nezvomukati
akazvipisa kunze kwomusasa sezvakarayirwa Mozisi naJehovha.
18 Akauya zvino negondobwe sechipiriso chinopiswa, Aroni navanako-
mana vake vakaisa maoko avo pamusoro waro. 19 Ipapo Mozisi akauraya
gondobwe akasasa ropa raro paaritari kumativi ose. 20 Akacheka

gondobwe kuita zvidimbu uye akapisa musoro, zvidimbu namafuta.
21 Akasuka ura namakumbo nemvura uye akapisa gondobwe rose
paaritari sechipiriso chinopiswa, chinonhuhwira zvinofadza, chipiriso
chinoitirwa Jehovha nomoto, sezvakarayirwa Mozisi naJehovha.

22 Akauya zvino nerimwe gondobwe, gondobwe rokugadza, uye Aroni
navanakomana vake vakaisa maoko avo pamusoro waro. 23 Mozisi akau-
raya gondobwe akatora rimwe ropa raro akariisa pamucheto wenzeve
yaAroni yokurudyi napamunwe wake woruoko rwokurudyi napagunwe
guru retsoka yake yokurudyi. 24 Mozisi akauyawo navanakomana
vaAroni mberi akaisa ropa pamucheto wezasi wenzeve dzavo dzokurudyi,
paminwe mikuru yamaoko avo okurudyi napazvigunwe zvikuru zva-
makumbo avo okurudyi. Akasasa ropa paaritari kumativi ose. 25 Akatora
mafuta, chimuswe chakakora, mafuta ose akafukidza ura, akafukidza
chiropa, itsvo mbiri namafuta adzo nechidya chokurudyi. 26 Ipapo kubva
mudengu rechingwa chisina mbiriso raiva pamberi paJehovha, akatora
chingwa, keke rakabikwa namafuta nekeke dete, akaisa izvi panzvimbo
dzina mafuta pamusoro pebandauko rokurudyi. 27 Akaisa zvose mu-
maoko aAroni neevanakomana vake uye vakazvininira kuna Jehovha
sechipiriso chokuninira. 28 Ipapo Mozisi akazvitora kubva mumaoko
avo akazvipisa paaritari pamusoro pechipiriso chinopiswa sechipiriso
chokugadza, chinonhuhwira zvinofadza, chipiriso chinoitirwa Jehovha
nomoto. 29 Akatorawo chityu, mugove waMozisi pagondobwe rokugadza,
akazvininira kuna Jehovha sechipiriso chokuninira sezvakarayirwa Mozisi
naJehovha.

30 Ipapo Mozisi akatora mamwe mafuta okuzodza nerimwe ropa
kubva paaritari akarisasa pana Aroni navanakomana vake nenguo dzavo.
Saizvozvo, akatsaura Aroni nenguo dzake navanakomana vake nenguo
dzavo.

31 Ipapo Mozisi akati kuna Aroni navanakomana vake, "Bikai nyama
pamusuo weTende Rokusangana mugoidyira ipapo nechingwa chomu-
dengu rezvipiriso zvokugadzwa sezvandakarayira ndichiti, 'Aroni na-
vanakomana vake vanofanira kuchidya.' 32 Ipapo mugopisa zvose zvasara
panyama nechingwa. 33 Musabva pamusuo weTende Rokusangana
kwamazuva manomwe kusvikira mazuva okugadzwa kwenyu apera,
nokuti kugadzwa kwenyu kuchapedza mazuva manomwe. 34 Zvaitwa
nhasi zvakarayirwa naJehovha kuti akuyananisirei. 35 Munofanira kugara
pamusuo weTende Rokusangana usiku namasikati kwamazuva manomwe
mugoita zvinoda Jehovha kuti musafe nokuti ndizvo zvandarayirwa."
36 Saka Aroni navanakomana vake vakaita zvose zvakarayirwa naJehovha
kubudikidza naMozisi.

# 9

*Vaprista vanotanga ushumiri hwavo*

1 Pazuva rorusere Mozisi akadana Aroni navanakomana vake navakuru
veIsraeri. 2 Akati kuna Aroni, "Tora hando diki yechipiriso chako
chechivi negondobwe rechipiriso chako chinopiswa zvose zvisina kure-
mara ugouya nazvo kuna Jehovha. 3 Uti kuvana veIsraeri, 'Torai nhongo
yembudzi yechipiriso chechivi, mhuru negwayana zvose zvine gore
uye zvisina kuremara sechipiriso chinopiswa 4 nehando negondobwe
zvechipiriso chokuwadzana kuti mubayire pamberi paJehovha, pamwe

chete nechipiriso chezviyo chakasanganiswa namafuta. Nokuti nhasi
Jehovha achazviratidza kwamuri.’ ”
5 Vakatora zvinhu zvakarayirwa naMozisi vakaenda nazvo mberi kwe-
Tende Rokusangana uye ungano yose ikauya ikamira pamberi paJehovha.
6 Ipapo Mozisi akati, “Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha kuti muite kuti
kubwinya kwaJehovha kugoratidzwa kwamuri.”
7 Mozisi akati kuna Aroni, “Uya kuaritari ugobayira chipiriso chako
chechivi nechipiriso chako chinopiswa ugozviyananisira iwe navanhu;
bayira chipiriso chavanhu ugovayananisira sezvakarayirwa naJehovha.”
8 Saka Aroni akauya kuaritari akabaya mhuru sechipiriso chechivi
chake. 9 Vanakomana vake vakauya neropa kwaari akanyika munwe wake
muropa akariisa panyanga dzearitari. Rimwe ropa rose akaridururira
mujinga mearitari. 10 Akapisa mafuta, itsvo namafuta akafukidza chiropa
kubva pachipiriso chechivi paaritari sezvakarayirwa Mozisi naJehovha.
11 Nyama nedehwe akazvipisa kunze kwomusasa.
12 Ipapo akabaya chipiriso chinopiswa, uye vanakomana vake vaka-
mutambidza ropa akarisasa paaritari kumativi ose. 13 Vakamutambidza
chipiriso chinopiswa chidimbu nechidimbu zvichisanganisira musoro
akazvipisa paaritari. 14 Akasuka ura namakumbo akazvipisa pamusoro
pechipiriso chinopiswa paaritari.
15 Ipapo Aroni akauya nechipiriso chavanhu akatora mbudzi yechipiriso
chavanhu chechivi akaiuraya uye akaipa sechipiriso chechivi sezvaakaita
neyokutanga.
16 Akauya nechipiriso chinopiswa akachipa nenzira yakatarwa.
17 Akauyawo nechipiriso chezviyo, akatora tsama yacho akaipisa paaritari
achiwedzera pachipiriso chinopiswa mangwanani.
18 Akabaya hando negondobwe sechipiriso chokuwadzana chavanhu.
Vanakomana vake vakamutambidza ropa akarisasa paaritari kumativi
ose. 19 Asi mafuta ehando neegondobwe, chimuswe chakakora, fukidziro
yamafuta, itsvo nezvinofukidza chiropa, 20 izvi vakazviisa pazvityu. Aroni
akapisa mafuta paaritari. 21 Aroni akaninira zvityu nebandauko rokurudyi
pamberi paJehovha sechipiriso chokuninira sokurayirwa kwaMozisi.
22 Ipapo Aroni akasimudzira maoko ake kuvanhu akavaropafadza.
Apedza kubayira chipiriso chechivi, chipiriso chinopiswa nechipiriso
chokuwadzana akaburuka pasi.
23 Mozisi naAroni vakapinda muTende Rokusangana. Pavakabuda
vakaropafadza vanhu, uye kubwinya kwaJehovha kukaonekwa navanhu
vose. 24 Moto wakabuda kubva pamberi paJehovha ukapisa chipiriso
chinopiswa namafuta paaritari. Vanhu vose pavakazviona vakadanidzira
nomufaro uye vakawira pasi nezviso zvavo.

# 10

*Kufa kwaNadhabhi naAbhihu*

1 Zvino Nadhabhi naAbhihu, vanakomana vaAroni vakatora, mumwe
nomumwe, hadyana yake yezvinonhuhwira, vakaisamo moto, vakai-
sawo zvinonhuhwira, vakaisa moto usingabvumirwi pamberi paJehovha
zvaakanga asina kuvarayira. 2 Saka naizvozvo moto wakabuda kubva
pamberi paJehovha ukavapisa vose ndokubva vafa pamberi paJehovha.
3 Ipapo Mozisi akati kuna Aroni, “Izvi ndizvo zvakataurwa naJehovha
paakati:

“ ‘Pakati peavo vachaswedera
kwandiri ndicharatidza utsvene hwangu,
pamberi pavanhu vose
ndichakudzwa.’ ”
Aroni akaramba anyerere.

4 Mozisi akadana Mishaeri naErizafani, vanakomana vaUzieri, baba-
munini vaAroni, akati kwavari, “Uyai pano mutakure madzikoma enyu
muende navo kunze kwomusasa vabve pamberi penzvimbo tsvene.”
5 Saka vakauya vakavatakura vachakapfeka hanzu dzavo vakaenda navo
kunze kwomusasa sezvazvakanga zvarayirwa naMozisi.

6 Ipapo Mozisi akati kuna Aroni navanakomana vake, Ereazari naIta-
mari, “Musarega bvudzi renyu risina kukamwa uye musabvarura nguo
dzenyu nokuti mungafa, Mwari akatsamwira ungano yose. Asi hama
dzenyu, imba yose yaIsraeri, vanogona kuchema avo vakaparadzwa
nomoto naJehovha. 7 Musabva pamusuo weTende Rokusangana nokuti
mungafa nokuti mafuta aJehovha okuzodza ari pamuri.” Saka vakaita
sezvakataurwa naMozisi.

8 Ipapo Jehovha akati kuna Aroni, 9 “Iwe navanakomana vako ham-
ufaniri kunwa waini kana zvimwe zvinwiwa zvakaviriswa pose pose
pamunopinda muTende Rokusangana nokuti mungafa. Uyu mutemo
usingaperi kusvikira kuzvizvarwa zvinotevera. 10 Munofanira kuisa
mutsauko pakati pezvitsvene nezvisingakoshi, pakati pezvakachena
nezvisina kuchena. 11 Uye munofanira kudzidzisa vaIsraeri mirayiro yose
yavakapiwa naJehovha kubudikidza naMozisi.”

12 Mozisi akati kuna Aroni navanakomana vake vakanga vasara,
Ereazari naItamari, “Torai chipiriso chezviyo kubva pazvipiriso
zvakaitirwa Jehovha nomoto, zvakagadzirwa pasina mbiriso mugochiisa
parutivi pearitari nokuti chitsvene-tsvene. 13 Zvidyei munzvimbo tsvene,
nokuti mugove wenyu nomugove wavanakomana venyu, wezvipiriso
zvinoitirwa Jehovha nomoto, nokuti ndakarayirwa saizvozvo. 14 Asi
iwe navanakomana vako navanasikana vako, munogona kudya chityu
chakaninirwa nebandauko rakakumikidzwa. Zvidyei munzvimbo
yakacheneswa; izvi zvakapiwa kwauri navana vako somugove
wenyu wezvipiriso zvokuwadzana zvavana vaIsraeri. 15 Bandauko
rakakumikidzwa nechityu chakaninirwa zvinofanirwa kuuyiswa
namafuta nezvipiriso zvinoitwa nomoto, kuti zvinininirwe pamberi
paJehovha sechipiriso chokuninira. Uyu uchava mugove wamuchagara
muchiwana navana venyu sezvakarayirwa naJehovha.”

16 Mozisi akati abvunza nezvembudzi yechipiriso chechivi akawana
yatopiswa, akatsamwira Ereazari naItamari vanakomana vaAroni
vakanga vasara akabvunza akati, 17 “Sei musina kudyira chipiriso chechivi
munzvimbo tsvene? Chitsvene-tsvene, chakapiwa kwamuri kuti chibvise
mhosva yeungano nokuvayananisira pamberi paJehovha. 18 Sezvo ropa
racho risina kuuyiswa kuNzvimbo Tsvene, maifanira kudyira mbudzi
munharaunda yenzvimbo tsvene, sezvandakarayira.”

19 Aroni akapindura Mozisi achiti, “Nhasi vabayira chipiriso chavo
chechivi nechipiriso chavo chinopiswa pamberi paJehovha asi zvinhu
zvakaita seizvi zvaitika kwandiri. Jehovha aidai afara here dai ndadya
chipiriso chechivi nhasi?” 20 Mozisi paakanzwa izvi akagutsikana.

# 11

*Zvokudya zvakachena nezvisina kuchena*

1 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 2 “Taurai kuvaIsraeri muti,
‘Pamhuka dzose dzinofamba panyika, idzi ndidzo dzamunogona kudya:
3 Munogona kudya mhuka ipi zvayo ina mahwanda, akapararana zva-
chose, uye inozeya zvokudya.

4 “ ‘Asi kune dzimwe dzinongozeya kudya chete, kana kuti dzimwe dzine
mahwanda akaparadzana chete, idzi hamufaniri kudzidya. Ngamera, kun-
yange ichizeya zvokudya, haina mahwanda akapatsanuka; haina kuchena
kwamuri. 5 Mbira kunyange ichizeya zvokudya, haina mahwanda akapat-
sanuka, haina kuchena kwamuri. 6 Tsuro kunyange ichizeya zvokudya,
haina mahwanda akapatsanuka, haina kuchena kwamuri. 7 Nguruve
kunyange ine mahwanda akanyatsopatsanuka, haizeyi zvokudya, haina
kuchena kwamuri. 8 Hamufaniri kudya nyama yazvo kana kubata
zvitunha zvazvo; hazvina kuchena kwamuri.

9 “ ‘Pazvisikwa zvose zvinogara mumvura yamakungwa nenzizi, munog-
ona kudya dzose dzine zvimbi namakwati. 10 Asi zvipuka zvose zvomu-
gungwa kana munzizi zvisina zvimbi namakwati, kunyange pakati pezvi-
nouya samatutu kana pakati pezvose zvisikwa zvinorarama mumvura,
zvinonyangadza kwamuri. 11 Uye sezvo zvichinyangadza kwamuri
hamufaniri kudya nyama yazvo uye munofanira kusema zvitunha zvazvo.
12 Chose chinhu chinorarama mumvura chisina zvimbi namakwati chi-
nonyangadza kwamuri.

13 “ ‘Idzi ndidzo shiri dzamunofanira kusema, uye musadzidya nokuti
dzinonyangadza kwamuri: gondo, gora, chapungu, 14 njerere, marudzi
ose oruvangu rutema, 15 marudzi ose amakunguo, 16 marudzi ose amazizi,
shiri yegungwa namarudzi ose oruvangu, 17 nezizi duku, nekanyuru-
rahove, nezizi guru, 18 nejichidza, nekondo, negora, 19 neshuramurove,
namarudzi ose ekondo, nemhupupu nechiremwaremwa.

20 “ ‘Zvose zvipukanana zvinobhururuka, zvinofamba namakumbo
mana zvinonyangadza kwamuri. 21 Kunyange zvakadaro, kunewo zvimwe
zvipuka zvine mapapiro zvinofamba namakumbo mana zvamunog-
ona kudya, izvo zvine makumbo akabatanidzwa okukwakuka nawo.
22 Pakati pezvizvi munogona kudya marudzi ose emhashu, namarudzi ose
amakurwe namarudzi ebambamukota. 23 Asi zvimwe zvose zvipukanana
zvine mapapiro zvine makumbo mana munofanira kuzvisema.

24 “ ‘Musazvisvibisa nezvizvi; ani naani anobata zvitunha zvazvo achava
akasviba kusvikira manheru. 25 Ani naani achanhonga chimwe chezvi-
tunha zvazvo anofanira kusuka nguo dzake uye achava akasviba kusvikira
manheru.

26 “ ‘Mhuka yose yose ina mahwanda akapararana asi asina kunyat-
sopararana, isingazeyi kudya, haina kuchena kwamuri; ani naani anobata
chitunha chayo achava asina kuchena. 27 Pamhuka dzose dzinofamba
namakumbo mana, idzo dzine tsoka dzakafara hadzina kuchena kwamuri;
ani naani anobata chitunha chadzo achava akasviba kusvikira manheru.
28 Ani naani achanhonga zvitunha zvadzo anofanira kusuka nguo dzake
uye achava akasviba kusvikira manheru. Hadzina kuchena kwamuri.

29 “ ‘Pamhuka dzinokambaira panyika, idzi hadzina kuchena kwamuri:
chidembo, gonzo, namarudzi ose egwavava, 30 chifurira, namarudzi
ose amadzvinyu, dhambakura nerwaivhi. 31 Pane zvose zvinokambaira

panyika, izvi hazvina kuchena kwamuri. Asi ani naani anozvibata kana
zvafa achava akasviba kusvikira manheru. 32 Kana chimwe chazvo
chikafa, chikawira pamusoro pechimwe chinhu, chinhu ichocho hazvinei
kuti chinoshandiswei, chinova chisina kuchena kunyange chakagadzirwa
nomuti, mucheka, dehwe, kana saga. Chiisei mumvura; chichava chisina
kuchena kusvikira manheru, uye ipapo chichava chakachena. 33 Kana
chimwe chazvo chikawira muhari yevhu, zvose zviri mairi zvichava
zvisina kuchena, uye munofanira kuputsa hari yacho. 34 Chokudya
chipi zvacho chinogona kudyiwa, asi chine mvura pachiri, yabva muhari
iyoyo chichava chisina kuchena uye kana chipi zvacho chinganwiwa
kubva imomo hachina kuchena. 35 Chose chinhu chinowirwa nechitunha
chazvo chinova chisina kuchena; choto kana hari yokubikira zvino-
fanira kuputswa. Hazvina kuchena uye munofanira kuzvibata sezvisina
kuchena. 36 Asi chitubu, kana tsime rokuchera mvura zvinoramba
zvakachena, asi ani naani anobata chimwe chezvitunha izvi achava
asina kuchena. 37 Kana chitunha chikawira pambeu ipi zvayo inofanira
kudyarwa, inoramba yakachena. 38 Asi kana mvura yaiswa pambeu, uye
chitunha chikawira pairi, inova isina kuchena kwamuri.

39 " 'Kana mhuka yamunobvumirwa kudya ikafa yoga, munhu wose
achabata mutumbi wayo achava asina kuchena kusvikira manheru.
40 Munhu wose achadya imwe nyama yacho anofanira kusuka nguo dzake
agova asina kuchena kusvikira manheru.

41 " 'Chisikwa chose chinokambaira panyika chinonyangadza, hachi-
faniri kudyiwa. 42 Hamufaniri kudya chisikwa chipi zvacho chi-
nokambaira panyika, chingava chinofamba nedumbu kana chino-
famba namakumbo mana kana namakumbo akawanda, chinonyangadza.
43 Musazvisvibisa nechimwe chezvisikwa izvi. Musazvisvibisa nazvo kana
nokuda kwazvo. 44 Ndini Jehovha Mwari wenyu, zvitsaurei mugova
vatsvene, nokuti ndiri mutsvene. Musazvisvibisa nechipuka chipi zvacho
chinofamba-famba pasi. 45 Ndini Jehovha akakubudisai muIjipiti kuti
ndive Mwari wenyu; saka ivai vatsvene nokuti ndiri mutsvene.

46 " 'Ndiyo mitemo iri maererano nemhuka, shiri, zvipenyu
zvose zvinofamba mumvura nezvipuka zvose zvinofamba panyika.
47 Munofanira kuisa mutsauko pakati pezvisina kuchena nezvakachena,
pakati pezvisikwa zvipenyu zvinogona kudyiwa nezvisingagoni
kudyiwa.' "

# 12

*Kucheneswa mushure mokubereka mwana*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Uti kuvaIsraeri, 'Mukadzi akava na-
pamuviri akabereka mwanakomana, achava asina kuchena kwamazuva
manomwe, sezvaanova asina kuchena paanoenda kumwedzi. 3 Pazuva
rorusere mukomana uyo anofanira kudzingiswa. 4 Zvino mukadzi
anofanira kumirira mazuva makumi matatu namatatu kuti acheneswe
pakubuda ropa kwake. Haafaniri kubata chinhu chipi zvacho chitsvene
kana kusvika kunzvimbo tsvene kusvikira mazuva okucheneswa kwake
apera. 5 Kana akabereka mwanasikana, kwevhiki mbiri mukadzi achava
asina kuchena sepaanoenda kumwedzi. Ipapo anofanira kumira mazuva
makumi matanhatu namatanhatu kuti acheneswe kubva pakubuda ropa.

6 " 'Kana mazuva okucheneswa nokuda kwomwanakomana kana
mwanasikana apera, anofanira kuuya kumuprista pamusuo weTende

Rokusangana, negwayana rine gore rimwe chete sechipiriso chinopiswa
nehangaiwa diki kana njiva yechipiriso chechivi. 7 Achazvibayira pamberi
paJehovha kuti agomuyananisira, achava akacheneswa kubva pakubuda
ropa kwake.

" 'Iyi ndiyo mirayiro yomukadzi anobatsirwa nomwanakomana kana
mwanasikana. 8 Kana asingakwanisi kuuya negwayana, anofanira kuuya
nenjiva mbiri kana hangaiwa diki mbiri, imwe yechipiriso chinopiswa
imwe yechipiriso chechivi. Nenzira iyi muprista achamuyananisira uye
achava akachena.' "

# 13

*Mirayiro pamusoro pezvirwere zveganda zvinotapukira*

1 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 2 "Kana ani naani ane pakazvimba
kana kuti ane tumapundu kana chivara chichena paganda rake chinogona
kunge chiri chirwere chinotapukira anofanira kuuyiswa kuna Aroni
muprista kana kuno mumwe wavanakomana vake muprista. 3 Muprista
achatarisa chironda chiri paganda rake, uye kana bvudzi riri pachi-
ronda rachena uye ronda roratidza kudzika kudarika paganda, chirwere
cheganda chinotapukira. Kana muprista akamuongorora achamuzivisa
kuvanhu somunhu asina kuchena. 4 Kana gwapa riri paari riri jena
asi risingaratidzi kudzika kudarika paganda uye bvudzi risina kuchena,
muprista anofanira kugarisa munhu iyeye oga kwamazuva manomwe.
5 Pazuva rechinomwe muprista anofanira kumuongorora uye akaona kuti
chironda hachina kupinduka uye hachina kupararira muganda anofanira
kumuchengeta pake oga kwamamwe mazuva manomwe. 6 Pazuva
rechinomwe muprista anofanira kumuongorora zvakare, uye kana chi-
ronda chaserera uye chisina kupararira neganda, muprista achamuzivisa
somunhu akachena, tunongova tumapundu. Munhu anofanira kusuka
nguo dzake uye achava akachena. 7 Asi kana tumapundu tukapararira
nomuviri wake shure kwokunge azviratidza kumuprista kuti zviziviswe
kuti akachena, anofanira kuenda kumuprista zvakare. 8 Muprista
anofanira kumuongorora, uye kana tumapundu twapararira neganda,
achazivisa kuti haana kuchena; chirwere chinotapukira.

9 "Kana munhu upi zvake ane chirwere chinotapukira, anofanira
kuuyiswa kumuprista. 10 Muprista anofanira kumuongorora, uye kana
pane kuzvimba nokucheneruka paganda, uye zvapindura bvudzi kuti
rive jena, uye kana pane nyama yakatsvuka, pakazvimba, 11 chirwere
cheganda chava nenguva uye muprista achazivisa kuti haana kuchena.
Haafaniri kumugarisa ari oga, nokuti atogara asina kuchena.

12 "Kana chirwere chikabuda paganda rake rose uye sokuona kwom-
uprista, chakafukidza ganda rose romunhu abatwa nehosha, kubva
kumusoro kusvika kutsoka, 13 muprista anofanira kumuongorora uye
kana chirwere chapararira nomuviri wake wose, achazivisa kuti munhu
uyu akachena, sezvo zvose zvachenuruka, akachena. 14 Asi pose
panoonekwa ronda paari, achava asina kuchena. 15 Muprista paachaona
ronda, achazivisa kuti haana kuchena. Ronda harina kuchena ane
chirwere chinotapukira. 16 Zvikaitika kuti ronda richeneruke, anofanira
kuenda kumuprista. 17 Ipapo muprista anofanira kumuongorora uye kana
zvironda zvachenuruka, muprista achazivisa kuti munhu ane hosha uyu
akachena, ipapo achava akachena.

18 “Kana munhu akava nemota paganda rake rikapora, 19 uye panzvimbo
panga pane mota pakazvimba pakacheneruka kana kuti pakatsvuka,
anofanira kuzviratidza kumuprista. 20 Muprista anofanira kumuongorora
uye kana zvikaratidza kudzika kudarika paganda uye bvudzi riri pachiri
rikapinduka rikava jena, muprista achazivisa kuti haana kuchena, chir-
were chinotapukira cheganda chabuda panga pane mota. 21 Asi kana
muprista achiongorora, pasina bvudzi jena pachiri uye paserera, ipapo
muprista anofanira kumugarisa oga kwamazuva manomwe. 22 Kana
zviri kupararira muganda, muprista achazivisa kuti haana kuchena,
zvinotapukira. 23 Asi kana gwapa risina kupinduka uye risina kupararira,
rinongova vanga kubva pamota uye muprista achazivisa kuti akachena.

24 “Kana munhu akatsva paganda uye akabuda gwapa dzvuku kana
rakacheneruka paronda rokutsva, 25 muprista anofanira kutarisa gwapa
uye kana bvudzi riri pariri rapinduka rikava jena uye zvakadzika kudarika
ganda, chirwere chinotapukira cheganda chabuda pakatsva. 26 Asi
kana muprista akachiongorora, pasina bvudzi jena pagwapa uye kana
zvisina kudzika kudarika ganda uye zvaserera, ipapo muprista anofanira
kumugarisa oga kwamazuva manomwe. 27 Pazuva rechinomwe muprista
anofanira kumuongorora uye kana zvichipararira neganda, muprista
achazivisa kuti haana kuchena; chirwere chinotapukira cheganda. 28 Asi
kana gwapa rikasapinduka uye risina kupararira neganda, asi raserera,
kuzvimba kunobva pakutsva uye muprista achazivisa kuti akachena,
rinongova vanga rinobva pakutsva.

29 “Kana munhurume kana munhukadzi akava nechironda mumu-
soro kana pachirebvu, 30 muprista anofanira kuongorora chironda, uye
kana chichiratidza kudzika kudarika ganda, uye bvudzi riri machiri
riri renhundurwa uye riri dete, muprista achazivisa kuti munhu iy-
eye haana kuchena, kuvava, chirwere chinotapukira chomusoro kana
chechirebvu. 31 Asi kana muprista akaongorora ronda iri uye kana
risingaratidzi kudzika kudarika ganda uye pasina bvudzi dema pariri,
zvino muprista anofanira kuchengeta munhu ane hosha ari oga kwa-
mazuva manomwe. 32 Pazuva rechinomwe muprista anofanira kuon-
gorora ronda, uye kana kuvava kusina kupararira uye pasina bvudzi
renhundurwa uye risingaratidzi kudzika kudarika ganda, 33 anofanira
kuveurwa bvudzi pachisiyiwa nzvimbo ine hosha, uye muprista anofanira
kumuchengeta ari oga kwamamwe mazuva manomwe. 34 Pazuva
rechinomwe muprista anofanira kuongorora panovava, uye kana pasina
kupararira neganda zvichiratidza kuti hazvina kudzika kudarika ganda,
muprista achazivisa kuti akachena. Anofanira kusuka nguo dzake
agova akachena. 35 Asi kana kuvava kukaparira neganda iye aziviswa
kuti akachena, 36 muprista anofanira kumuongorora, uye kana kuvava
kwapararira neganda, muprista haafaniri kutsvaga bvudzi renhundurwa,
nokuti munhu iyeye haana kuchena. 37 Zvisinei hazvo, kana zvikaitika
kuti sokuona kwake hazvina kupinduka, uye bvudzi dema ramera mazviri,
kuvava kwaporeswa, achena uye muprista achazivisa kuti akachena.

38 “Kana munhurume kana munhukadzi ane makwapa machena pa-
ganda 39 muprista anofanira kuaongorora uye kana makwapa asina
kunyanyochena, tumapundu tusingakuvadzi twabuda paganda, munhu
iyeye akachena.

40 “Kana bvudzi romumwe rikabva akasara asisina bvudzi, ava
nemhanza, akachena. 41 Kana akabva bvudzi pahuma uye akasara ava

nemhanza, akachena. [42] Asi kana ane chironda chichena chakatsvuku-
ruka pamhanza yake kana pahuma, chirwere chinotapukira chabuda
pamusoro pake kana pahuma. [43] Muprista anofanira kumuongorora uye
kana kuzvimba kuri pamusoro pake kana pamhanza kwakatsvukuruka
nokuchena sechirwere chinotapukira cheganda, [44] murume iyeye arwara
uye haana kuchena. Muprista anofanira kuzivisa kuti haana kuchena
nokuda kwechironda chiri pamusoro wake.

[45] "Munhu ane chirwere chinotapukira ichi anofanira kupfeka nguo
dzakabvaruka, osiya bvudzi rake risina kukamwa, ofukidza chikamu
chepasi cheuso hwake, odanidzira achiti, 'Handina kuchena! Handina
kuchena!' [46] Kana aramba ane chirwere ichocho anongoramba asina
kuchena. Anofanira kugara oga; anofanira kugara kunze kwomusasa.

### *Mirayiro yaMaperembudzi*

[47] "Kana nguo ipi neipi yazadzwa maperembudzi, ingava nguo
yeshinda, kana yewuru kana yomucheka, [48] ungava mucheka wakarukwa
kana mucheka wewuru kana wedehwe kana chinhu chakagadzirwa
nedehwe, [49] uye kana utachiona huri muchipfeko kana dehwe kana
mucheka wakarukwa kana chinhu chedehwe, chiri choruvara rwezerere
kana chakatsvukuruka, chirwere chinopararira chamaperembudzi uye
chinofanira kuratidzwa kumuprista. [50] Muprista anofanira kuchion-
gorora agochengeta chinhu chacho pacho choga kwamazuva manomwe.
[51] Pazuva rechinomwe anofanira kuchiongorora uye kana maperembudzi
apararira muchipfeko kana nguo yakarukwa, zvisinei kuti chinoshandis-
wei, chirwere chinoparadza chamaperembudzi; chinhu ichocho hachina
kuchena. [52] Anofanira kupisa nguo yacho, kana mucheka wakarukwa
wewuru kana mucheka weshinda, kana wedehwe une utachiona mauri,
nokuti maperembudzi anoparadza, chinhu ichocho chinofanira kupiswa.

[53] "Asi kana muprista akachiongorora, maperembudzi asina kupararira
muchipfeko kana mucheka wakarukwa, kana chinhu chakagadzirwa
nedehwe, [54] acharayira kuti chinhu chine utachiona chisukwe. Ipapo
anofanira kuchigarisa choga kwamamwe mazuva manomwe. [55] Mushure
mokunge chinhu chine utachiona chasukwa, muprista anofanira kuchion-
gorora uye kana maperembudzi asina kuratidza kupinduka maonekero
awo, kunyange zvisina kupararira, hachina kuchena. Pisai chinhu ichocho
nomoto kunyange maperembudzi akanganisa divi rimwe chete. [56] Kana
muprista akachiongorora, maperembudzi akange aumbuka mushure
mokunge chinhu chasukwa, anofanira kubvarura chidimbu chapinda uta-
chiona kubva panguo, kana padehwe kana pamucheka wakarukwa. [57] Asi
kana zvikabuda zvakare pachipfeko, kana pamucheka wakarukwa, kana
pachinhu chedehwe, zviri kupararira uye chose chine maperembudzi chi-
nofanira kupiswa nomoto. [58] Nguo iyi, kana mucheka wakarukwa, kana
chinhu chedehwe chasukwa uye chabviswa maperembudzi, chinofanira
kusukwa zvakare uye chichava chakachena."

[59] Iyi ndiyo mirayiro inoenderana nokuzadzwa namaperembudzi kwechipfeko chewuru kana chomucheka, mucheka wakarukwa kana chinhu chose chedehwe kuti zvigoziviswa kuti zvakachena kana kuti hazvina kuchena.

## 14

### *Kucheneswa paChirwere chaMaperembudzi*

[1] Jehovha akati kuna Mozisi: [2] “Iyi ndiyo mirayiro yomunhu ane chir-
were panguva yake yokucheneswa kana auyiswa kumuprista: [3] Muprista
anofanira kuenda kunze kwomusasa agonomuongorora. Kana munhu
aporeswa kubva kumaperembudzi, [4] muprista acharayira kuti shiri
mbiri mhenyu dzakachena, nedanda romusidhari, nomucheka mutsvuku,
nehisopi zviuyiswe kuti acheneswe. [5] Ipapo muprista acharayirwa kuti
imwe yeshiri idzi iurayiwe pamusoro pemvura yakachena muhari yevhu.
[6] Anofanira zvino kutora shiri mhenyu oinyika pamwe chete nedanda
romusidhari, mucheka mutsvuku nehisopi muropa reshiri yaurayiwa
pamusoro pemvura yakachena. [7] Achasasa uyo anofanira kucheneswa
kubva kuchirwere chamaperembudzi kanomwe, agozivisa kuti akachena.
Ipapo anofanira kuregera shiri mhenyu ichienda musango.
[8] “Munhu anofanira kucheneswa anofanira kusuka nguo dzake
agoveura bvudzi rake rose agoshamba nemvura, ipapo achava akach-
eneswa. Mushure maizvozvi anogona kuuya mumusasa asi anofanira ku-
gara kunze kwetende rake kwamazuva manomwe. [9] Pazuva rechinomwe
anofanira kuveura bvudzi rake rose. Anofanira kuveura musoro wake,
ndebvu dzake, tsiye dzake, nerimwe bvudzi rake rose. Anofanira kusuka
nguo dzake agozvishambidza nemvura uye achava akachena.
[10] “Pazuva rorusere anofanira kuuya namakwayana maviri amakon-
dobwe nesheshe imwe chete, dzose dzine gore dzisina kuremara, pamwe
chete nezvikamu zvitatu kubva mugumi zveefa* zvoupfu hwakatsetseka
hwakasanganiswa namafuta sechipiriso chezviyo nerogi† imwe chete
yamafuta. [11] Muprista achazivisa kuti akachena, anofanira kuuya nouya
anofanira kucheneswa nezvipiriso zvake pamberi paJehovha pamusuo
weTende Rokusangana.
[12] “Ipapo muprista anofanira kutora gwayana rimwe chete gono
agoripa sechipiriso chemhosva pamwe chete nerogi ramafuta; ac-
hazvininira pamberi paJehovha sechipiriso chokuninira. [13] Anofanira
kubaya gwayana panzvimbo tsvene apo panobayirwa chipiriso chez-
vivi nechipiriso chinopiswa. Sezvakaita chipiriso chezvivi, chipiriso
chemhosva ndechomuprista, chitsvene-tsvene. [14] Muprista anofanira
kutora rimwe ropa rechipiriso chemhosva agoriisa pamucheto wenzeve
yokurudyi yomunhu anocheneswa, pamunwe wake mukuru wokuruoko
rwokurudyi uye napachigunwe chikuru chetsoka yake yokurudyi. [15] Ipapo
muprista achatora imwe rogi yamafuta agodira muchanza choruoko
rwake rworuboshwe, [16] agonyika munwe wake wokutendeka nawo
wokurudyi mumafuta ari muchanza choruoko rwake agosasa mamwe
acho nomunwe kanomwe pamberi paJehovha. [17] Muprista achaisa
mamwe mafuta anosara muchanza panzeve yokurudyi youyo anofanira
kucheneswa, pamunwe mukuru woruoko rwake rwokurudyi nepachi-
gunwe chikuru chegumbo rake rokurudyi pamusoro peropa rechipiriso
chemhosva. [18] Mamwe mafuta ose ari muchanza make muprista
achaaisa pamusoro pouyo achada kucheneswa, agomuyananisira pamberi
paJehovha.
[19] “Ipapo muprista achabayira chipiriso chechivi agoyananisira uyo
anofanira kucheneswa kubva pakusachena kwake. Mushure maizvozvo
muprista achabaya chipiriso chinopiswa [20] agochipa paaritari pamwe
chete nechipiriso chezviyo, agomuyananisira, uye achava akachena.

---

* **14:10** 14:10 marita angaita 6.5 † **14:10** 14:10 0.3 yerita, uyewo nomundima 12, 15, 21 ne 24

21 “Asi kana ari murombo asingakwanisi kuuya naizvozvi, anofanira ku-
tora gwayana gono sechipiriso chemhosva kuti aninire agomuyananisira
pamwe chete nechikamu chimwe chete kubva mugumi cheefa‡ youpfu
hwakatsetseka hwakasangana namafuta sechipiriso chezviyo, zvikamu
zviviri kubva muzvitatu zverogi ramafuta, 22 njiva mbiri kana hangaiwa
mbiri dzaanokwanisa kuuya nadzo, imwe yechipiriso chechivi neimwe
yechipiriso chinopiswa.
23 “Pazuva rorusere anofanira kuzviuyisa kumuprista pamusuo we-
Tende Rokusangana pamberi paJehovha, kuti acheneswe. 24 Muprista
anofanira kutora gwayana rechipiriso chemhosva nerogi ramafuta
agozvininira pamberi paJehovha sechipiriso chokuninira. 25 Achabaya
gwayana rechipiriso chemhosva agotora rimwe ropa raro agoriisa
panzeve yokurudyi yomunhu anoda kucheneswa, pamunwe mukuru
woruoko rwokurudyi napachigunwe chikuru chepagumbo rokurudyi.
26 Muprista achadira mamwe mafuta muchanza choruoko rwake rworu-
boshwe 27 uye nomunwe wake wokurudyi wokutendeka nawo agomwaya
mamwe mafuta anobva muchanza chake kanomwe pamberi paJehovha.
28 Mamwe mafuta ari muchanza chake anofanira kuaisa munzvimbo dz-
imwe chetedzo dzaakaisa ropa rechipiriso chemhosva panzeve yokurudyi
youyo anoda kucheneswa, pamunwe mukuru woruoko rwake rwokurudyi
napachigunwe chikuru chegumbo rake rokurudyi. 29 Mamwe mafuta ose
achasara muchanza muprista achaaisa mumusoro mouyo anofanira kuch-
eneswa, kuti ayananisirwe pamberi paJehovha. 30 Ipapo achabayira njiva
kana hangaiwa diki izvo zvaanogona kuwana, 31 imwe sechipiriso chechivi
neimwe sechipiriso chinopiswa pamwe chete nechipiriso chezviyo. Nen-
zira iyi muprista achayananisira pamberi paJehovha, panzvimbo youya
anofanira kucheneswa.”
32 Iyi ndiyo mirayiro pamusoro pouyo ane chirwere chamaperembudzi
uye asingakwanisi kuuya nezvipiriso zvinofanira kupiwa kuti acheneswe.

*Kucheneswa kubva paMaperembudzi mudzimba*

33 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 34 “Kana mapinda munyika
yeKenani iyo yandiri kukupai senhaka, ndikaita chirwere chinopararira
chamaperembudzi muimba iri munyika iyoyo, 35 muridzi weimba
anofanira kuenda kundoudza muprista kuti, ‘Ndaona chimwe chinhu
chinenge maperembudzi mumba mangu.’ 36 Ipapo muprista anofanira
kurayira kuti vabudise zvose zviri mumba muprista asati apinda kundo-
tarira hosha, kuti kurege kuva nechinhu chiri mumba chichanzi hachina
kuchena. Mushure maizvozvo muprista anofanira kupinda agoongorora
imba. 37 Anofanira kuongorora chakwindi chiri mumadziro eimba uye
kana pane makomba makomba ane ruvara rwezerere kana akatsvuku-
ruka, 38 muprista anofanira kubuda napamusuo wemba agoipfiga kwa-
mazuva manomwe. 39 Pazuva rechinomwe muprista achadzoka kuzoon-
gorora imba. Kana maperembudzi apararira pamadziro, 40 anofanira
kurayira kuti matombo ane utachiona abviswe agorasirwa kunzvimbo
isina kuchena kunze kweguta. 41 Ipapo ngaarayire kuti madziro ose
omukati memba aparwe uye zvaparwa zvigoraswa kunzvimbo isina
kuchena kunze kweguta. 42 Ipapo vanofanira kutora mamwe matombo
vagotsiva aya vagotora ivhu idzva vakodzura imba.

‡ **14:21** 14:21 marita angaita 2

43 “Kana chakwindi chikaonekwa zvakare mumba mushure mokunge
matombo abviswa imba yaparwa uye yadzurwa, 44 muprista anofanira
kuenda kunozvinan’anidza. Kana mapereмbudzi apararira ihosha in-
oparadza, imba haina kuchena. 45 Inofanira kupazwa, matombo ayo,
mapuranga nokudzura kwose, zvotorwa zvoendeswa kunze kweguta
kunzvimbo isina kuchena.
46 “Munhu upi noupi achapinda muimba iyi painenge ichakapfigwa
achava asina kuchena kusvika manheru. 47 Munhu wose achavata kana
kuti achadya ari mumba iyoyo anofanira kusuka nguo dzake.
48 “Asi kana muprista akauya kuzoiongorora, akaona kuti mapere m-
budzi haana kuparar ira mumba mushure mokunge yadzurwa, achati
imba yakachena nokuti maperembudzi aenda. 49 Kuti anatse imba,
anofanira kutora shiri mbiri nedanda romusidhari, mucheka mutsvuku
nehisopi. 50 Achaurayira imwe shiri pamusoro pemvura yakachena iri
muhari yevhu. 51 Ipapo anofanira kutora puranga romusidhari, hisopi,
mucheka mutsvuku, shinda neshiri mhenyu ozvinyika muropa reshiri
yafa nemvura yakachena, uye agosasa mumba kanomwe. 52 Achanatsa
imba neropa reshiri, mvura yakachena, shiri mhenyu, danda romusid-
hari, hisopi uye nomucheka mutsvuku. 53 Ipapo anofanira kuregedza
shiri mhenyu kuti iende hayo kunze kweguta kusango. Nenzira iyi
achayananisira imba uye ichava yakachena.”
54 Iyi ndiyo mirayiro yechirwere chamaperembudzi, kuvava,
55 maperembudzi pamucheka kana mumba, 56 uye kuzvimba, kufunuka,
kana gwapa rakacheneruka, 57 kuti mugoziva kuti chinhu chakachena
kana kuti hachina kuchena.
Iyi ndiyo mirayiro yezvirwere zvinotapuriranwa zvamaperembudzi.

# 15

*Kurasa Zvinhu Zvinosvibisa*

1 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 2 “Taurai navaIsraeri muti
kwavari, ‘Kana murume upi zvake ane zvimwe zvinoerera, zvinobuda
pamuviri wake, uye achava asina kunaka nokuda kwokuerera uku.
3 Kunyange zvikaramba zvichibuda mumuviri wake kana kuti zvikamira
zvichamuita kuti ave asina kuchena. Izvi ndizvo zvinoita kuti kuerera uku
kumuite kuti ave asina kuchena.
4 “ ‘Mubhedha upi zvawo unorarwa nomurume anobuda zvinoerera
mumuviri wake uchava usina kuchena, uye chose chaachagara pachiri
chichava chisina kuchena. 5 Ani naani anobata mubhedha wake anofanira
kusuka nguo dzake agoshamba nemvura uye achava asina kuchena
kusvikira manheru. 6 Ani naani achagara pachigaro chagarwa nomu-
rume anobuda zvinoerera anofanira kusuka nguo dzake uye agoshamba
nemvura, uye achava asina kuchena kusvikira manheru.
7 “ ‘Ani naani achabata murume iyeye anofanira kusuka nguo dzake
agoshamba nemvura, uye achava asina kuchena kusvikira manheru.
8 “ ‘Kana murume ane zvinoerera akasvipira mumwe munhu akachena,
munhu iyeye anofanira kushambidza nguo dzake agoshamba nemvura,
uye achava asina kuchena kusvikira manheru.
9 “ ‘Chinhu chose chichatasvwa nomurume iyeye chichava chisina
kuchena, 10 uye ani naani achabata zvinhu zvanga zviri pasi pake achava
asina kuchena kusvikira manheru; ani naani anonhonga zvinhu izvozvo

anofanira kusuka nguo dzake agoshamba nemvura, uye achava asina
kuchena kusvikira manheru.
11 " 'Ani naani achabatwa nomurume iyeye asina kushamba maoko ake
anofanira kusuka nguo dzake agoshamba nemvura, uye achava asina
kuchena kusvikira manheru.
12 " 'Hari yevhu ichabatwa nomurume iyeye inofanira kuputswa uye
mudziyo upi zvawo wakagadzirwa nomuti unofanira kusukwa nemvura.
13 " 'Kana murume acheneswa kubva pakuerera kwake, anofanira kuv-
erenga mazuva manomwe okucheneswa kwake; anofanira kusuka nguo
dzake agoshamba nemvura yakachena, uye achava akachena. 14 Pazuva
rorusere anofanira kutora njiva mbiri kana hangaiwa diki mbiri agouya
nadzo pamberi paJehovha pamusuo weTende Rokusangana agodzipa
kumuprista. 15 Muprista anofanira kudzibayira, imwe sechipiriso chechivi
uye imwe sechipiriso chinopiswa. Nenzira iyi achamuyananisira pamberi
paJehovha nokuda kwokuerera kwake.
16 " 'Kana mbeu yomurume upi noupi ikabuda kwaari, anofanira
kushamba muviri wake wose nemvura, uye achava asina kuchena
kusvikira manheru. 17 Chipfeko chipi zvacho chake kana dehwe rine
mbeu pariri rinofanira kusukwa nemvura uye richava risina kuchena
kusvikira manheru. 18 Kana murume akavata nomukadzi uye akabuda
mbeu, vaviri ava vanofanira kushamba nemvura uye vachava vasina
kuchena kusvikira manheru.
19 " 'Kana mukadzi ari kumwedzi, kusachena kwokuenda kumwedzi
kwake kuchapera mushure mamazuva manomwe, uye ani naani achamu-
bata achava asina kuchena kusvikira manheru.
20 " 'Chinhu chose chaachavata pachiri achiri kutevera chichava chisina
kuchena uye chose chaachagara pachiri chichava chisina kuchena.
21 Ani naani achabata paanovata anofanira kusuka nguo dzake uye
agoshamba nemvura, uye achava asina kuchena kusvikira manheru.
22 Ani naani achabata chinhu chaachagara anofanira kusuka nguo dzake
uye agoshamba nemvura, uye achava asina kuchena kusvikira manheru.
23 Mubhedha kana chimwe chinhu chaanga akagara, kana munhu upi
noupi akachibata achava asina kuchena kusvikira manheru.
24 " 'Kana murume akavata naye uye kuerera kwake kwomwedzi
kukasangana naye, achava asina kuchena kwamazuva manomwe, kun-
yange mubhedha waanovata pauri uchava usina kuchena.
25 " 'Kana mukadzi ano kuerera kweropa kwamazuva akawanda pan-
guva isiri yokuva kwake kumwedzi, kana kuti akava nokuerera kunoen-
derera kupfuura nguva yake yokuva kumwedzi kwake, achava asina
kuchena kwenguva yaanobuda ropa sapamazuva ake okuva kumwedzi.
26 Mubhedha upi zvawo waachavata pauri panguva yaanenge achiri
kubuda ropa, uchava usina kuchena somubhedha wapakuva kwake
kumwedzi, chose chaachagara chichava chisina kuchena sapanguva
yokuva kwake kumwedzi. 27 Ani naani achazvibata achava asina kuchena;
anofanira kusuka nguo dzake agoshamba nemvura, uye achava asina
kuchena kusvikira manheru.
28 " 'Kana achinge acheneswa kubva pakuerera kwake anofanira
kuverenga mazuva manomwe, mushure maizvozvo achava akachena.
29 Pazuva rorusere anofanira kutora njiva mbiri kana hangaiwa
mbiri diki agouya nadzo kumuprista pamusuo weTende Rokusangana.
30 Muprista anofanira kubayira imwe sechipiriso chechivi, uye imwe

sechipiriso chinopiswa. Nenzira iyi achamuyananisira pamberi paJehovha pakusachena kwake kwokubuda ropa.

31 " 'Munofanira kutsaura vaIsraeri kubva pazvinhu zvose zvinoita kuti vave vasina kuchena, kuitira kuti vasafa mukusachena kwavo nokuda kwokuti vasvibisa nzvimbo yandinogara, iri pakati penyu.' "

32 Iyi ndiyo mirayiro yomurume anenge ane zvinoerera, youpi noupi
anenge asvibiswa nokubuda kwezvinoerera, 33 yomukadzi anenge ari
kumwedzi, yomurume kana mukadzi anenge ane zvinoerera, uye neyomurume anovata nomukadzi anenge asina kuchena.

# 16

### *Zuva roKuyananisira*

1 Jehovha akataura naMozisi mushure mokufa kwavanakomana vaAroni
vaviri avo vakafa pavakaswedera kuna Jehovha. 2 Jehovha akati kuna
Mozisi, "Udza mukoma wako Aroni kuti asangopinda paanodira muNzvimbo Tsvene-tsvene kuseri kwechidzitiro pamberi pechigaro chenyasha paareka, nokuti angangofa, nokuti ndinozviratidza mugore pamusoro pechigaro chenyasha.

3 "Aya ndiwo mapindiro anofanira kuita Aroni munzvimbo tsvene:
apinde nehando diki yechipiriso chechivi uye negondobwe rechipiriso
chinopiswa. 4 Anofanira kupfeka nguo tsvene yomucheka, nguo
dzomukati dzomucheka pamuviri wake; anofanira kusunga bhanhire romucheka muchiuno chake agopfeka nguwani yomucheka. Idzi ndidzo nguo tsvene, saka anofanira kushamba nemvura asati adzipfeka.
5 Kubva kuungano yavaIsraeri anofanira kutora nhongo mbiri dzechipiriso chechivi uye negondobwe rechipiriso chinopiswa.

6 "Aroni anofanira kupa hando yechipiriso chechivi chake kuti
azviyananisire iye nemhuri yake. 7 Ipapo anofanira kutora mbudzi
mbiri agouya nadzo pamberi paJehovha pamusuo weTende Rokusangana.
8 Anofanira kukanda mijenya pambudzi mbiri idzi, mumwe mujenya
waJehovha nomumwe wembudzi yokutakudzwa. 9 Aroni anofanira
kuuya nembudzi yakabatwa nomujenya waJehovha agoibayira sechipiriso
chechivi. 10 Asi mbudzi inosarudzwa nomujenya sembudzi yokutakudzwa ichauyiswa iri mhenyu pamberi paJehovha igoshandiswa pakuyananisira, icharegedzwa ichienda kurenje sembudzi yokutakudzwa.

11 "Aroni anofanira kuuya nehando yake yechipiriso chake chechivi, kuti azviyananisire iye nemhuri yake, uye anofanira kubaya hando
yechipiriso chake chechivi. 12 Anofanira kutora hadyana yakazara
namazimbe ari kubvira kubva paaritari pamberi paJehovha nezvanza zviviri zvezvinonhuhwira zvakatsetseka agoenda nazvo seri kwechidz-
itiro. 13 Anofanira kuisa zvinonhuhwira pamusoro pomoto pamberi
paJehovha, uye utsi hwezvinonhuhwira huchafukidza chigaro chenyasha
pamusoro peChipupuriro, kuti asafa. 14 Anofanira kutora rimwe ropa
rehando uye nomunwe wake agorisasa pamberi pechigaro chenyasha.

15 "Ipapo anofanira kubaya mbudzi yechipiriso chechivi chavanhu agotora agoenda neropa racho seri kwechidzitiro agoita naro sezvaakaita neropa rehando. Acharisasa pachigaro chenyasha napamberi pacho.
16 Nenzira iyi achayananisira Nzvimbo Tsvene-tsvene nokuda kwokudarika uye nokumukira kwavaIsraeri, zvisinei kuti zvivi zvavo zvanga zviri zvipi. Anofanira kuitira Tende Rokusangana zvimwe chetezvo, iro

riri pakati pavo, pakati pokusachena kwavo. 17 Hapana munhu anofanira
kunge ari muTende Rokusangana panguva inopindwamo naAroni kunoy-
ananisira muNzvimbo Tsvene-tsvene kusvikira abuda, azviyananisira iye
nemhuri yake uye neungano yose yavaIsraeri.
18 "Ipapo achabuda oenda kuaritari iri pamberi paJehovha
agoiyananisira. Achatora rimwe ropa rehando nerembudzi agoriisa
panyanga dzose dzearitari. 19 Achasasa rimwe ropa racho pairi
nomunwe wake kanomwe kuti aichenese uye aitsaure kubva pakusachena
kwavaIsraeri.
20 "Kana Aroni apedza kuyananisira Nzvimbo Tsvene-tsvene, Tende
Rokusangana nearitari, achauya nembudzi mhenyu. 21 Anofanira kuisa
maoko ake ose pamusoro wembudzi mhenyu agoreurura pamusoro
payo kuipa nokumukira kwose kwavaIsraeri, zvivi zvavo zvose agozviisa
pamusoro pembudzi. Acharega mbudzi ichienda kurenje nomunhu
anenge apiwa basa iroro. 22 Mbudzi iyi ichatakura pairi zvivi zvavo zvose
kunzvimbo isina vanhu, uye munhu uyu achairegedzera murenje.
23 "Ipapo Aroni achapinda muTende Rokusangana agobvisa nguo
dzomucheka dzaapfeka asati apinda muNzvimbo Tsvene-tsvene uye
achadzisiya imomo. 24 Achashamba nemvura munzvimbo tsvene agopfeka
nguo dzake dzamazuva ose. Ipapo achabuda agobayira chipiriso chake
chinopiswa nechipiriso chinopiswa chavanhu, agozviyananisira iye na-
vanhu. 25 Achapisawo mafuta echipiriso chechivi paaritari.
26 "Murume achandoregedzera mbudzi yokutakudzwa, anofanira
kusuka nguo dzake agoshamba nemvura; mushure maizvozvo ago-
zopinda mumusasa. 27 Hando yechipiriso chezvivi nembudzi yechipiriso
chezvivi, zvine ropa rinenge rauyiswa muNzvimbo Tsvene-tsvene kuti
zviyananisire, zvinofanira kuendeswa kunze kwomusasa, matehwe acho,
nyama namazvizvi zvinofanira kupiswa. 28 Munhu anozvipisa anofanira
kusuka nguo dzake agoshamba nemvura mushure maizvozvo agozopinda
mumusasa.
29 "Uyu unofanira kuva mutemo unogara nokusingaperi kwamuri:
Pazuva regumi romwedzi wechinomwe munofanira kutsanya musin-
gaiti kana basa, chingava chizvarwa chenyu kana mutorwa agere
pakati penyu, 30 nokuti pazuva iri muchayananisirwa, kuti mucheneswe.
Ipapo, pamberi paJehovha muchava vakachena pazvivi zvenyu zvose.
31 Isabata rokuzorora, uye munofanira kuzvinyima; uyu murayiro unogara
nokusingaperi. 32 Muprista akazodzwa nokugadzwa kuti atevere baba
vake somuprista mukuru anofanira kuyananisira. Anofanira kupfeka
nguo dzomucheka, nguo tsvene 33 agoyananisira Nzvimbo Tsvene-tsvene
neTende Rokusangana, nearitari uye navaprista navamwe vanhu vose
veungano.
34 "Uyu unofanira kuva murayiro unogara nokusingaperi kwamuri:
Kuyananisira uku kunofanira kuitwa kamwe chete pagore, nokuda
kwezvivi zvose zvavaIsraeri."
Uye zvakaitwa, sezvakarayirwa Mozisi naJehovha.

## 17

*Kudya ropa kunorambidzwa*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura kuna Aroni navanakomana vake
nokuvaIsraeri vose uti kwavari, 'Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha:

3 MuIsraeri upi zvake anobayira nzombe, gwayana kana mbudzi mu-
musasa kana kunze kwawo, 4 panzvimbo yokuuya nayo pamusuo weTende
Rokusangana kuti aipe sechipiriso kuna Jehovha pamberi petabhenakeri
yaJehovha, murume iyeye achanzi ane mhosva yokudeura ropa; adeura
ropa saka anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake. 5 Izvi zvinoitirwa
kuti vaIsraeri vauye nezvibayiro zvavo zvavanobayira kusango, kuna
Jehovha. Vanofanira kuuya nazvo kumuprista, ndiko kuti, kuna Jehovha,
pamusuo wokupinda muTende Rokusangana vagozvibayira sezvipiriso
zvokuwadzana. 6 Muprista achasasa ropa paaritari yaJehovha pamusuo
weTende Rokusangana agopisa mafuta kuti ave chinonhuhwira zvino-
fadza kuna Jehovha. 7 Havafanirizve kupa zvibayiro zvavo zvakare kuzvi-
fananidzo zvembudzi izvo zvavanoita ufeve nazvo. Uyu uchava murayiro
unogara nokusingaperi kwavari uye nokuzvizvarwa zvichatevera.'

8 "Uti kwavari: 'MuIsraeri upi zvake kana mutorwa agere pakati pavo
anopa chipiriso chinopiswa kana chibayiro 9 uye agorega kuuya nacho
kumusuo weTende Rokusangana kuzochipa kuna Jehovha, munhu iyeye
anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake.

10 " 'MuIsraeri upi zvake kana mutorwa agere pakati pavo anodya ropa
ripi zvaro ndichanangana nomunhu iyeye anodya ropa uye ndichamub-
visa pakati pavanhu vokwake. 11 Nokuti upenyu hwenyama huri
muropa uye ndaripa kwamuri kuti rikuyananisirei paaritari; ropa ndiro
rinoyananisira upenyu hwomunhu. 12 Naizvozvo ndinoti kuvaIsraeri,
"Hapana mumwe wenyu anofanira kudya ropa, uye hapana mutorwa
agere pakati penyu anofanira kudya ropa."

13 " 'MuIsraeri upi zvake kana mutorwa agere pakati penyu anovhima
mhuka ipi neipi ingadyiwa, anofanira kudurura ropa rayo agorifushira
nevhu, 14 nokuti upenyu hwechisikwa chose iropa racho. Ndiko kusaka
ndati kuvaIsraeri, "Hamufaniri kudya ropa rechisikwa chipi zvacho
nokuti upenyu hwechisikwa huri muropa; ani naani anoridya anofanira
kubviswa pakati pavanhu vokwake."

15 " 'Ani naani, angava chizvarwa chenyu kana mutorwa, anodya
chinhu chinowanikwa chakafa, kana kuti chinowanikwa chakabvarurwa
nemhuka dzomusango, anofanira kusuka nguo dzake agoshamba
nemvura uye achava asina kuchena kusvikira manheru; ipapo achava
akachena. 16 Asi kana akarega kusuka nguo dzake akashamba iye,
achapiwa mhosva.' "

# 18

*Kusangana kwomurume nomukadzi kusiri pamutemo*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari, 'Ndini
Jehovha Mwari wenyu. 3 Hamufaniri kuita sezvavanoita kuIjipiti,
kwamaigara uye hamufaniri kuita sezvavanoita kuKenani, kwandiri
kukuendesai. Musatevera zviito zvavo. 4 Munofanira kutevera mitemo
yangu uye mugochenjerera kuti mutevere mirayiro yangu. Ndini Jehovha
Mwari wenyu. 5 Chengetai mirayiro nemitemo yangu nokuti munhu
anoiteerera achararama nayo. Ndini Jehovha.

6 " 'Hapana anofanira kuswedera kuhama yepedyo kuti avate naye.
Ndini Jehovha.

7 " 'Usazvidza baba vako nokusangana namai vako. Ndimai vako
usasangana navo.

8 " 'Usasangana nomukadzi wababa vako, izvi zvingazvidza baba vako.
9 " 'Usasangana nehanzvadzi yako kana mwanasikana wababa vako kana mwanasikana wamai vako, zvisinei kuti akaberekwa mumba mumwe chete kana kumwewo.
10 " 'Usasangana nomwanasikana womwanakomana wako kana mwanasikana womwanasikana wako; izvi zvingauyisa kuzvidzwa kwauri.
11 " 'Usasangana nomwanasikana womukadzi wababa vako akaberekwa nababa vako, ihanzvadzi yako.
12 " 'Usasangana nehanzvadzi yababa vako, ihama yababa vako yepedyo.
13 " 'Usasangana nomukoma kana munun'una wamai vako nokuti ihama yamai vako yepedyo.
14 " 'Usazvidza munun'una kana mukoma wababa vako nokuswedera kumukadzi wavo kuti uvate naye; nokuti ndimaiguru kana mainini.
15 " 'Usasangana nomuroora wako, mukadzi womwanakomana wako; usasangana naye.
16 " 'Usasangana nomukadzi womukoma kana munun'una wako; izvi zvingauyisa kuzvidzwa kwomukoma kana munun'una wako.
17 " 'Usasangana nomukadzi pamwe chete nomwanasikana wake. Usasangana nomwanasikana womwanakomana wake kana mwanasikana womwanasikana wake; ihama dzake dzepedyo. Zvakaipa izvozvo.
18 " 'Usatora munun'una womukadzi wako kuti ave mukadzinyina, varwisane, ugosangana naye mukadzi wako achiri mupenyu.
19 " 'Usaswedera kumukadzi kuti usangane naye panguva yokusachena kwokuenda kumwedzi kwake.
20 " 'Usasangana nomukadzi womuvakidzani wako ugozvisvibisa naye.
21 " 'Usapa ani zvake pakati pavana vako kuti vabayirwe kuna Moreki nokuti haufaniri kumhura zita raJehovha. Ndini Jehovha.
22 " 'Usavata nomurume somurume anovata nomukadzi; zvinonyangadza.
23 " 'Usasangana nemhuka uye ugozvisvibisa nayo. Mukadzi haafaniri kuzvipa kumhuka kuti asangane nayo; uku kunyangadza kukuru.
24 " 'Musazvisvibisa neimwe yenzira idzi nokuti ndudzi dzandichadzinga
pamberi penyu dzakazvisvibisa naizvozvo. 25 Kunyange nyika
yakasvibiswa; naizvozvo ndakairanga nokuda kwezvakaipa zvayo uye
nyika yakarutsa vagari vayo. 26 Asi imi munofanira kuchengeta mirayiro
yangu nemitemo yangu. Zvizvarwa zvenyu navatorwa vagere pakati
penyu havafaniri kuita kana chimwe chezvinhu zvinonyangadza izvi,
27 nokuti zvinhu zvose izvi zvakaitwa navanhu vaigara munyika iyoyo
musati mavamo, uye nyika ikasvibiswa. 28 Uye kana mukasvibisa nyika,
ichakurutsirai kunze sokurutsa kwayakaita ndudzi dzaigaramo imi musati
mavamo.
29 " 'Ani naani anoita zvinonyangadza izvi, vanhu vakadaro vanofanira
kubviswa kubva pavanhu vokwavo. 30 Chengetai zvandakakurayirai
uye musatevedzera kana imwe yetsika dzinonyangadza dzaiitwa musati
mauya, uye musazvisvibisa nadzo. Ndini Jehovha Mwari wenyu.' "

# 19

*Mirayiro yakasiyana-siyana*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura kuungano yose yeIsraeri uti
kwavari, 'Ivai vatsvene nokuti ini Jehovha Mwari wenyu ndiri mutsvene.

3 " 'Mumwe nomumwe wenyu anofanira kuremekedza mai nababa vake uye munofanira kuchengetedza maSabata angu. Ndini Jehovha Mwari wenyu.

4 " 'Musava nehanya nezvifananidzo kana kuzviitira vamwari vesimbi dzakanyungudutswa. Ndini Jehovha Mwari wenyu.

5 " 'Kana uchipa Jehovha chibayiro chechipiriso chokuwadzana, unofanira kuchipa nenzira inoita kuti chigamuchirwe pachinzvimbo chako.
6 Chichadyiwa nomusi waunochibayira kana zuva rinotevera; chinhu chipi nechipi chinosiyiwa kusvika pazuva rechitatu chinofanira kupiswa.
7 Kana zvimwe zvacho zvikadyiwa pazuva rechitatu hazvina kuchena uye hazvigamuchirwi. 8 Ani naani anozvidya achapiwa mhosva nokuti asvibisa chitsvene kuna Mwari; munhu iyeye anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake.

9 " 'Kana uchikohwa mumunda wako usakohwa kusvika kumucheto-cheto womunda wako, kana kunhongera zvawira pasi pakukohwa.
10 Musakohwa kechipiri mumunda wemizambiringa kana kunhonga mazambiringa adonha. Zvisiyire varombo kana vatorwa. Ndini Jehovha Mwari wenyu.

11 " 'Usaba.

" 'Usareva nhema.

" 'Musanyengedzana.

12 " 'Usapika nhema nezita rangu ugozvidza zita raMwari wako. Ndini Jehovha.

13 " 'Usabiridzira muvakidzani wako kana kumutorera chinhu nechisimba.

" 'Usachengeta mubayiro womushandi kusvikira mangwana.

14 " 'Usatuka matsi kana kuisa chigumbuso mberi kwebofu, asi itya Mwari wako. Ndini Jehovha.

15 " 'Usaminamisa kururamisira, usatsaura murombo uchifarira mupfumi, asi tonga muvakidzani wako zvakakodzera.

16 " 'Usafamba uchiparadzira makuhwa pakati pavanhu vokwako.

" 'Usaita chinhu chinoisa upenyu hwomuvakidzani wako panjodzi. Ndini Jehovha.

17 " 'Usavenga hama yako mumwoyo mako. Tsiura muvakidzani wako zviri pachena kuitira kuti usazova nomugove pamhosva yake.

18 " 'Usatsvaka kutsiva kana kugara nedaka nomumwe wavanhu vokwako, asi ida muvakidzani wako sokuda kwaunozviita iwe. Ndini Jehovha.

19 " 'Chengeta mirayiro yangu.

" 'Usaberekesa mhando dzemhuka dzakasiyana.

" 'Usadyara mbeu mbiri dzakasiyana mumunda mako.

" 'Usapfeka nguo yakarukwa nemicheka miviri yakasiyana.

20 " 'Kana murume akavata nomukadzi ari murandakadzi akavimbiswa kuno mumwe murume, asi mukadzi asina kudzikinurwa kana kupiwa rusununguko rwake, panofanira kuva nokurangwa kwakakodzera. Asi haafaniri kuurayiwa nokuti mukadzi uyu anga asati asunungurwa.
21 Zvisinei, murume uyu anofanira kuuya negondobwe kumusuo weTende Rokusangana rechipiriso chemhosva kuna Jehovha. 22 Negondobwe rechipiriso chemhosva muprista anofanira kumuyananisira pamberi paJehovha nokuda kwechivi chaakaita, uye chivi chake chicharegererwa.

23 " 'Kana mapinda munyika iyo mukadyara muchero upi noupi, torai michero yacho seisingabvumirwi. Kwamakore matatu munofanira

kuitora seisingabvumirwi. Haifaniri kudyiwa. 24 Mugore rechina, michero
yacho yose ichava mitsvene, chipiriso chokurumbidza kuna Jehovha.
25 Asi mugore rechishanu mungadya michero yacho. Nenzira iyi gohwo
renyu richawedzerwa. Ndini Jehovha Mwari wenyu.

26 " 'Usadya nyama ipi neipi ichine ropa.

" 'Usaita zvokushopera kana zvouroyi.

27 " 'Musacheka bvudzi renyu kumativi omusoro kana kudimurira
ndebvu dzenyu.

28 " 'Musacheka miviri yenyu nokuda kwavakafa kana kuzviisa nyora.
Ndini Jehovha.

29 " 'Usaderedza unhu hwomwanasikana wako nokumuita chifeve
nokuti nyika yose ichaita ufeve ikazara nouipi.

30 " 'Chengetedza maSabata angu uye uremekedze nzvimbo yangu
tsvene. Ndini Jehovha.

31 " 'Usaenda kumasvikiro nokune vezvemidzimu nokuti uchasvibiswa
navo. Ndini Jehovha Mwari wako.

32 " 'Unofanira kusimukira vachena bvudzi, ratidza rukudzo kuna
vakuru uye utye Mwari wako. Ndini Jehovha.

33 " 'Kana mutorwa akagara nemi munyika, musamubate zvakaipa.
34 Mutorwa anogara nemi anofanira kubatwa sechizvarwa chenyu. Mudei
sokuda kwamunozviita imi nokuti maiva vatorwa muIjipiti. Ndini Jehovha
Mwari wenyu.

35 " 'Musashandise zviero zvokubiridzira kana muchiera urefu, uremu
kana uwandu. 36 Shandisai zviyero zvechokwadi efa* rechokwadi nehini†
yechokwadi. Ndini Jehovha Mwari wenyu akakubudisai muIjipiti.

37 " 'Chengetai mirayiro yangu yose nemitemo yangu yose, mugoitevera.
Ndini Jehovha.' "

# 20

*Kurangwa nokuda kweZvivi*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Uti kuvaIsraeri, 'MuIsraeri upi noupi
kana mutorwa upi noupi agere muIsraeri achapa vana vake kuna Moreki
anofanira kuurayiwa. Vanhu vomunyika yake vanofanira kumutaka
namabwe. 3 Ndichanangana nomunhu iyeye uye ndichamubvisa pakati
pavanhu vokwake, nokuti, nokuda kwokupa vana vake kuna Moreki,
asvibisa nzvimbo yangu tsvene uye amhura zita rangu dzvene. 4 Kana
vanhu vomunyika yake vakashaya hanya kana munhu uyu achipa mumwe
wavana vake kuna Moreki vakasamuuraya, 5 ndichanangana nomunhu
uyo nemhuri yake, uye ndichamubvisa pakati pavanhu vokwake, iye
pamwe chete navose vanomutevera pakuita ufeve naMoreki.

6 " 'Ndichanangana nomunhu uyo achaenda kumasvikiro, nokuvadzimu
achiita ufeve nokuvatevera uye ndichamubvisa pakati pavanhu vokwake.

7 " 'Zvitsaurei mugove vatsvene nokuti ndini Jehovha Mwari wenyu.
8 Chengetai mitemo yangu mugoitevera. Ndini Jehovha anokuitai
vatsvene.

9 " 'Ani naani anotuka baba kana mai vake anofanira kuurayiwa. Atuka
baba kana mai vake uye ropa rake richava pamusoro pake.

* 19:36 19:36 Efa chaiva chiero chezvakaoma † 19:36 19:36 Hini chaiva chiero chezvinhu zvemvura mvura

10 “ ‘Kana mumwe akaita upombbwe nomukadzi womumwe murume,
kana nomukadzi womuvakidzani wake, vose murume mhombbwe no-
mukadzi chifeve vanofanira kuurayiwa.
11 “ ‘Kana murume akavata nomukadzi wababa vake azvidza baba vake.
Vose murume nomukadzi vanofanira kuurayiwa. Ropa ravo richava
pamusoro pavo.
12 “ ‘Kana mumwe akavata nomuroora wake, vose vari vaviri vanofanira
kuurayiwa, zvavaita kunyangadza kukuru; ropa ravo richava pamusoro
pavo.
13 “ ‘Kana mumwe akavata nomurume seanovata nomukadzi vose vari
vaviri vaita zvinonyangadza. Vanofanira kuurayiwa. Ropa ravo richava
pamusoro pavo.
14 “ ‘Kana mumwe akawana mukadzi pamwe chete namai vake,
zvakaipa. Vose iye naivo vanofanira kupiswa mumoto kuitira kuti
pasawanikwe kuipa pakati penyu.
15 “ ‘Kana murume akavata nemhuka anofanira kuurayiwa uye muno-
fanira kuuraya mhuka yacho.
16 “ ‘Kana mukadzi akaswedera kumhuka kuti avate nayo, urayai zvose
mukadzi nemhuka yacho. Vanofanira kuurayiwa; ropa ravo richava
pamusoro pavo.
17 “ ‘Kana murume akawana hanzvadzi yake mwanasikana wababa
vake, kana kuti wamai vake, uye vakavata vose, ichi chinyadziso.
Vanofanira kubviswa pamberi pameso avanhu vokwavo. Azvidza hanz-
vadzi yake uye achava nemhosva.
18 “ ‘Kana murume akavata nomukadzi panguva yokuva kwake
kumwedzi akasangana naye, afumura chaipo panobva kuyerera kwake,
mukadziwo azvifumura. Vose vari vaviri vanofanira kubviswa pavanhu
vokwavo.
19 “ ‘Usavata namainini kana vatete vako nokuti uku kuzvidza hama
yapedyo; mose muri vaviri muchava nemhosva.
20 “ ‘Kana murume akavata nomukadzi wababamunini vake azvidza
babamunini vake. Vachava nemhosva; vachafa vasina vana.
21 “ ‘Kana murume akawana mukadzi womukoma kana womunun’una
ichi chinhu chisina kunaka, azvidza mukoma kana munun’una wake.
Vachashaya vana.
22 “ ‘Chengetai mirayiro yangu nemitemo yangu mugoitevera kuitira kuti
nyika yandiri kukuendesai kwairi irege kukurutsirai kunze. 23 Hamufaniri
kutevera tsika dzendudzi dzandichadzinga pamberi penyu. Nokuti
dzakaita zvinhu zvose izvi, ndikadzisema. 24 Asi ndakati kwamuri,
“Muchatora nyika yavo. Ndichaipa kwamuri senhaka, nyika inoerera
mukaka nouchi.” Ndini Jehovha Mwari wenyu uyo akakutsaurai kubva
kune dzimwe ndudzi.
25 “ ‘Naizvozvo unofanira kuisa mutsauko pakati pemhuka dzakachena
nedzisina kuchena uye pakati peshiri dzakachena nedzisina kuchena.
Musazvisvibisa nemhuka ipi zvayo kana shiri kana chimwe chinhu
chinofamba pavhu, idzo dzandakatsaura sedzisina kuchena kwamuri.
26 Munofanira kuva vatsvene kwandiri nokuti ini Jehovha ndiri mutsvene.
Ndakakutsaurai kubva kundudzi kuti muve vangu ndoga.
27 “ ‘Murume kana mukadzi svikiro kana anoita zvemidzimu pakati
penyu anofanira kuurayiwa. Munofanira kuvataka namabwe. Ropa ravo
richava pamusoro pavo.’ ”

# 21

*Mirayiro yaVaprista*

[1] Jehovha akati kuna Mozisi, "Taura kuvaprista vanakomana vaAroni uti
kwavari: 'Muprista haafaniri kuzvisvibisa, achiitira kunyange ani zvake
pakati pavanhu vake vanofa. [2] Kunze kwehama yepedyo yakaita samai
kana baba vake, mwanakomana kana mwanasikana wake, mukoma kana
munun'una wake, [3] kana hanzvadzi yake isina kuroorwa yaanochengeta
sezvo asina murume nokuda kwaiyeyu angagona kuzvisvibisa. [4] Haafaniri
kuzvisvibisa nokuda kwavanhu vano ukama naye hwokuwanana, akadaro
azvisvibisa.

[5] " 'Vaprista havafaniri kuveurwa misoro kana kudimburira ndebvu
dzavo kana kutema miviri yavo nyora. [6] Vanofanira kuva vatsvene kuna
Mwari wavo uye havafaniri kumhura zita raMwari wavo. Nokuti vanouy-
isa kuna Jehovha zvipiriso zvinoitwa nomoto, nezvokudya zvaMwari
wavo; naizvozvo vanofanira kuva vatsvene.

[7] " 'Havafaniri kuwana vakadzi vakasvibiswa noufeve kana kuti
vakarambwa navarume vavo nokuti muprista mutsvene kuna Mwari
wake. [8] Mutsaurei somutsvene nokuti ndiye anouya nezvokudya
zvaMwari wenyu. Mutsaurei somutsvene nokuti ini Jehovha ndiri
mutsvene, ini ndinokuitai vatsvene.

[9] " 'Kana mwanasikana womuprista akazvisvibisa nokuva chifeve,
anonyadzisa baba vake; anofanira kupiswa mumoto.

[10] " 'Muprista mukuru, uyo ari pakati pamadzikoma ake navanun'una
vake, akadirwa mafuta okuzodzwa pamusoro pake uye akagadzwa kuti
apfeke nguo dzouprista, haafaniri kurega bvudzi rake risina kukamiwa,
kana kubvarura nguo dzake. [11] Haafaniri kupinda munzvimbo ine
chitunha. Haafaniri kuzvisvibisa kunyange nokuda kwababa vake kana
mai vake, [12] kana kubva munzvimbo tsvene yaMwari kana kuisvibisa,
nokuti akakumikidzwa namafuta okuzodza aMwari wake. Ndini Jehovha.

[13] " 'Mukadzi waanowana anofanira kunge ari mhandara izere.
[14] Haafaniri kuwana chirikadzi, mukadzi akarambwa kana mukadzi
akasvibiswa noufeve asi mhandara yakazara bedzi kubva kuvanhu vok-
wake, [15] kuitira kuti arege kuzosvibisa zvizvarwa zvake pakati pavanhu
vokwake. Ndini Jehovha ndinomuita mutsvene.' "

[16] Jehovha akati kuna Mozisi, [17] "Uti kuna Aroni, 'Kuzvizvarwa zvichat-
evera hakuna mumwe wezvizvarwa zvako akaremara angaswedera pedyo
kuzopa zvokudya zvaMwari wake. [18] Hapana munhu ano urema hupi
zvahwo angaswedera pedyo: hakuna bofu kana anokamhina kana akare-
mara; [19] hakuna munhu ane gumbo rakaremara kana ruoko rwakaremara,
[20] kana ane musana wakakombama, munhu akapfupikisa kana ano
urema hwamaziso kana ane mamota kana ane mhezi, kana akakuvara
manhu ake. [21] Hapana wechizvarwa chaAroni akaremara neipi nzira
angaswedera pedyo kuzopa zvipiriso zvinoitirwa Jehovha nomoto. Ano
urema; haafaniri kuswedera pedyo kuzopa zvokudya zvaMwari wake.
[22] Angadya hake zvokudya zvitsvene-tsvene zvaMwari wake, pamwe chete
nezvokudya zvitsvene; [23] asi nokuda kwourema hwake, haafaniri kusvika
pedyo nechidzitiro kana kusvika paaritari, agosvibisa nzvimbo yangu
tsvene. Ndini Jehovha ndinovaita vatsvene.' "

[24] Saka Mozisi akataura izvi kuna Aroni navanakomana vake nokuvaIs-
raeri vose.

# 22

[1] Jehovha akati kuna Mozisi, [2] "Udza Aroni navanakomana vake
kuti varemekedze zvipiriso zvitsvene zvavaIsraeri zvavanditsaurira kuti
varege kusvibisa zita rangu dzvene. Ndini Jehovha.

[3] "Uti kwavari, 'Kuzvizvarwa zvichatevera, kana mumwe wezvizvarwa
zvenyu asina kuchena akaswedera pedyo nezvinhu zvakatsaurirwa Je-
hovha navaIsraeri, munhu iyeye anofanira kubviswa pamberi pangu.
Ndini Jehovha.

[4] " 'Kana chizvarwa chaAroni chikava nechirwere chamaperembudzi
kana akava nezvinoyerera pamuviri wake, haangadyi zvipiriso zvitsvene
kusvikira acheneswa. Achavawo asina kuchena kana akabata chimwe
chinhu chakasvibiswa nechitunha kana nomumwe murume anobuda
mbeu, [5] kana kuti akabata chose chinokambaira chingamusvibisa kana
munhu upi zvake angamusvibisa, kungava kusachena kupi zvako.
[6] Munhu uyo achabata kusachena uku achava asina kuchena kusvikira
manheru. Haafaniri kudya zvipiriso zvipi zvazvo zvitsvene kusvikira
ashamba nemvura. [7] Kana zuva rovira, achava akachena, uye mushure
maizvozvo angadya zvipiriso zvitsvene, nokuti ndizvo zvokudya zvake.
[8] Haafaniri kudya chimwe chinhu chinowanikwa chakafa kana kuti
chabvamburwa nemhuka dzesango, akazosvibiswa nayo. Ndini Jehovha.

[9] " 'Vaprista vanofanira kuchengeta zvandakarayira kuitira kuti vasava
nemhosva uye vakazofa nokuda kwokuti vashora zvandakarayira. Ndini
Jehovha anovaita vatsvene.

[10] " 'Hakuna wokunze kwemhuri yomuprista angadya chipiriso
chitsvene, kana mueni womuprista kana mushandi wake angachidya.
[11] Asi kana muprista akatenga nhapwa nemari, kana kuti nhapwa
ikaberekerwa mumba make, nhapwa iyoyo inogona kudya chokudya
chake. [12] Kana mwanasikana womuprista akawanikwa nomumwe munhu
asiri muprista haagoni kudya chipi zvacho chezvitsvene zvinouyiswa
kumuprista. [13] Asi kana mwanasikana womuprista akava chirikadzi kana
kuti akarambwa, iye asina vana, akadzoka kuzogara mumba mababa vake
sapaudiki hwake, anogona kudya chokudya chababa vake. Asi munhu
asina kukodzera haangadyi kudya uku.

[14] " 'Kana munhu upi zvake akadya chipiriso chitsvene nokusaziva,
anofanira kudzorera kumuprista chipiriso ichi agowedzera chikamu
chimwe chete muzvishanu pamusoro. [15] Vaprista havafaniri
kusvibisa zvipiriso zvitsvene zvinopiwa navaIsraeri kuna Jehovha,
[16] nokuvabvumira kudya zvipiriso zvitsvene nokudaro vakazviuyisira
mhosva pamusoro pavo inoda muripo. Ndini Jehovha, anovaita
vatsvene.' "

### *Zvibayiro zvisingagamuchirwi*

[17] Jehovha akati kuna Mozisi, [18] "Taura kuna Aroni navanakomana vake
nokuvaIsraeri vose uti kwavari, 'Kana mumwe wenyu, angava muIsraeri
kana mutorwa, anogara muIsraeri, akapa chipo kuti chive chipiriso
chinopiswa kuna Jehovha, kungava kuzadzisa mhiko kana kungopawo
chipo, [19] munofanira kupa mukono usina kuremara wemombe, kana
gwai, kana mbudzi kuitira kuti zvigogamuchirwa panzvimbo yenyu.
[20] Musauya nechinhu chipi zvacho chakaremara nokuti hachizoga-
muchirwi panzvimbo yenyu. [21] Kana munhu akauyisa kubva mu-
danga remombe kana ramakwai chipiriso chokuwadzana kuna Jehovha

achizadzisa kupika kwake kana kuti sechipo chokungopawo, chino-
fanira kuva chisina kuremara kana chisina gwapa kuti chigamuchirwe.
22 Musapa kuna Jehovha zvakapofumara, zvakakuvara kana zvakaremara,
kana chinhu chine mhezi kana chine maronda anopararira. Musaisa
chipi zvacho chezvinhu izvi paaritari sechipiriso chinoitirwa Jehovha
nomoto. 23 Munogona kupa zvakadaro sechipo chokungopawo, nzombe
kana gwai rakaremera kana zvine mitezo yakarebesa kana yakapfupikisa,
asi hazvigamuchirwi pakuzadzisa mhiko. 24 Hamufaniri kupa kuna
Jehovha chipiriso chemhuka ina manhu akakuvara, akatswanywa, ak-
abvamburwa kana akachekwa. Hamufaniri kuita izvi munyika menyu.
25 Uye hamufaniri kugamuchira mhuka dzakadai kubva mumaoko omu-
torwa muchizodzipa sechokudya chaMwari wenyu. Hadzizogamuchirwi
panzvimbo yenyu nokuti dzakaremara uye hadzina kukwana.' "

26 Jehovha akati kuna Mozisi, 27 "Mhuru, kana gwai, kana mbudzi
ikaberekwa, inofanira kugara namai vayo kwamazuva manomwe. Kubva
pazuva rorusere zvichienda mberi, ichagamuchirwa sechipiriso chi-
noitirwa Jehovha nomoto. 28 Musauraya mombe nomwana wayo kana
gwai nomwana waro musi mumwe chete.

29 "Kana muchibayira Jehovha chibayiro chokuvonga, chibayirei nenzira
inoita kuti chigogamuchirwa panzvimbo yenyu. 30 Chinofanira kudyiwa
musi iwoyo, musasiya zvimwe zvacho kusvikira mangwana. Ndini
Jehovha.

31 "Chengetai mirayiro yangu mugoitevera. Ndini Jehovha.
32 Musamhura zita rangu dzvene. Ndinofanira kuzivikanwa somutsvene
navaIsraeri. Ndini Jehovha anokuitai vatsvene 33 uye akakubudisai kubva
muIjipiti kuti ndive Mwari wenyu. Ndini Jehovha."

# 23

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari, 'Iyi ndiyo
mitambo yangu yandakatara, mitambo yakatarwa yaJehovha yamuno-
fanira kudaidzira seungano tsvene.

### *Sabata*

3 " 'Pane mazuva matanhatu amunoshanda asi zuva rechinomwe iS-
abata rokuzorora, zuva reungano tsvene. Hamufaniri kuita basa ripi zvaro
kwose kwamunogara, iSabata kuna Jehovha.

### *Pasika nechingwa chisina mbiriso*

4 " 'Iyi ndiyo mitambo yakatarwa yaJehovha, ungano tsvene dzamun-
odaidzira panguva dzakatarwa. 5 Pasika yaJehovha inotanga madek-
wana pazuva regumi namana romwedzi wokutanga. 6 Pazuva regumi
namashanu romwedzi iwoyo Mutambo waJehovha weChingwa Chisina
Mbiriso unotanga; kwamazuva manomwe munofanira kudya chingwa
chinobikwa chisina mbiriso. 7 Pazuva rokutanga itai ungano tsvene uye
musaita mabasa amazuva ose. 8 Kwamazuva manomwe mupe chipiriso
chinoitirwa Jehovha nomoto. Uye pazuva rechinomwe munofanira kuita
ungano tsvene uye musaita basa ramazuva ose.' "

### *Zvibereko zvokutanga*

9 Jehovha akati kuna Mozisi, 10 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari,
'Kana mapinda munyika yandichakupai, mukakohwa gohwo rayo, uyai
kumuprista nechisote chezviyo zvamunotanga kukohwa. 11 Anofanira

kuninira chisote pamberi paJehovha kuti chigamuchirwe panzvimbo
penyu. Muprista anofanira kuchininira pazuva rinotevera Sabata.
12 Pazuva ramunoninira chisote, munofanira kubayira sechipiriso
chinopiswa kuna Jehovha, gwayana rine gore rimwe chete risina kure-
mara, 13 pamwe chete nechipiriso chacho chezviyo chinokwana zvikamu
zviviri kubva mugumi zveefa*, zvoupfu hwakatsetseka hwakasangan-
iswa namafuta, chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto, chinonhuhwira
zvinofadza, nechipiriso chacho chokunwa chikamu chimwe chete kubva
muzvina zvehini† rewaini. 14 Hamufaniri kudya chingwa chipi zvacho,
kana zviyo zvakakangwa, kana zviyo zvitsva, kusvikira zuva chairo ramu-
nouya nechipiriso ichi kuna Mwari wenyu. Uyu unofanira kuva murayiro
unogara nokusingaperi kuzvizvarwa zvichatevera, kwose kwamuchagara.

### *Mutambo waMavhiki*

15 " 'Kubva pazuva rinotevera Sabata, zuva ramakauya nechisote
chechipiriso chokuninira, verengai mavhiki manomwe azere. 16 Verengai
mazuva makumi mashanu kusvika pazuva rinotevera Sabata rechinomwe,
ipapo mugopa chipiriso chezviyo zvitsva kuna Jehovha. 17 Kubva
kupi kwose kwamunogara, uyai nezvingwa zviviri zvakaitwa nezvikamu
zviviri kubva mugumi zveefa zvoupfu hwakatsetseka zvakabikwa nem-
biriso sechipiriso chokuninira chezvibereko zvokutanga kuna Jehovha.
18 Pamwe chete nechingwa ichi mupe makwayana manomwe asina
kuremara egore rimwe nehando imwe chete diki namakondobwe maviri.
Zvichava zvipiriso zvinopisirwa Jehovha, pamwe chete nezvipiriso
zvezviyo nezvipiriso zvinonwiwa, chive chipiriso chinoitwa nomoto
chinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha. 19 Ipapo bayirai nhongo imwe
chete sechipiriso chechivi namakwayana maviri, ose egore rimwe chete,
sechipiriso chokuwadzana. 20 Muprista anofanira kuninira makwayana
maviri pamberi paJehovha sechipiriso chokuninira pamwe chete nech-
ingwa chegohwo rokutanga. Izvi zvipiriso zvitsvene kuna Jehovha
zvomuprista. 21 Pazuva rimwe chetero munofanira kudaidzira ungano
tsvene muregе basa ramazuva ose. Uyu unofanira kuva murayiro unogara
nokusingaperi kuzvizvarwa zvichauya, kwose kwamuchagara.
22 " 'Kana muchikohwa gohwo renyika yenyu musakohwa kusvikira
kumucheto kwomunda wenyu, kana kunhongera zvinosara pakukohwa
kwenyu. Zvisiyirei varanda navatorwa. Ndini Jehovha Mwari wenyu.' "

### *Mutambo weHwamanda*

23 Jehovha akati kuna Mozisi, 24 "Uti kuvaIsraeri, 'Pazuva rokutanga
romwedzi wechinomwe munofanira kuva nezuva rokuzorora, ungano
tsvene inocherechedzwa nokuridza hwamanda. 25 Musaita basa ramazuva
ose, asi mupe chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto.' "

### *Zuva Rokuyananisira*

26 Jehovha akati kuna Mozisi, 27 "Zuva regumi romwedzi iwoyo wechi-
nomwe iZuva Rokuyananisa. Muite ungano tsvene uye muzvinyime
zvokudya, mugopa chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto. 28 Musashanda
pazuva iroro, nokuti iZuva Rokuyananisira, pamunoyananisirwa pamberi
paJehovha Mwari wenyu. 29 Munhu wose asingazvinyimi musi iwoyo
anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake. 30 Munhu upi noupi
achaita basa ripi zvaro, nomusi iwoyo, ndichamuparadza pakati pavanhu

---

* **23:13** 23:13 marita angaita 4.5, uyewo nomundima 17 † **23:13** 23:13 rita

vokwake. [31] Hamufaniri kutomboita basa. Uyu unofanira kuva murayiro
unogara nokusingaperi kumarudzi ose achauya, kwose kwamuchagara.
[32] Iri iSabata renyu rokuzorora, uye munofanira kuzvinyima. Kubva
manheru ezuva repfumbamwe romwedzi kusvikira manheru anotevera
munofanira kucherechedza Sabata."

*Mutambo waMatumba*

[33] Jehovha akati kuna Mozisi, [34] "Uti kuvaIsraeri, 'Pazuva regumi
neshanu romwedzi wechinomwe Mutambo waJehovha waMatumba un-
otanga, uye uchapedza mazuva manomwe. [35] Zuva rokutanga iungano
tsvene; musaita basa ramazuva ose. [36] Kwamazuva manomwe mupe
kuna Jehovha zvipiriso zvinoitwa nomoto uye pazuva iroro muite ungano
tsvene mugopa chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto. Iyi ndiyo ungano
yokupedzisira; musaita basa ramazuva ose.
[37] " 'Iyi ndiyo mitambo yaJehovha yakatarwa yamunofanira kuparidzira
ungano tsvene kuti dziuye nezvipiriso zvinoitirwa Jehovha nomoto,
nezvipiriso zvinopiswa uye nezvinopiswa zvezviyo, zvibayiro nezvipiriso
zvokunwa zvinodiwa mazuva ose. [38] Zvipiriso izvi zvinowedzerwa
pamusoro pezviya zvamaSabata aJehovha uye pamusoro pezvipo zvenyu
nezvose zvamakapikira nezvipiriso zvose zvokupa nokuzvisarudzira zva-
munopa kuna Jehovha.
[39] " 'Zvino kutanga pazuva regumi namashanu romwedzi wechinomwe,
mushure mokunge mapedza kukohwa zvirimwa zvenyika, muite mu-
tambo wokupemberera kuna Jehovha kwamazuva manomwe; zuva roku-
tanga izuva rokuzorora, uye zuva rorusere izuva rokuzororawo. [40] Pazuva
rokutanga munofanira kutsara michero yakanakisisa yemiti, nemichero
yemichindwe, namatavi ana mashizha akawanda, nemikonachando, uye
mugofara pamberi paJehovha Mwari wenyu kwamazuva manomwe.
[41] Munofanira kuitira Jehovha mutambo uyu kwamazuva manomwe gore
negore. Uyu unofanira kuva murayiro unogara nokusingaperi kuzviz-
varwa zvichauya; muupemberere mumwedzi wechinomwe. [42] Garai
mumatumba kwamazuva manomwe: Zvizvarwa zvose zvavaIsraeri zvi-
nofanira kugara mumatumba [43] kuitira kuti zvizvarwa zvenyu zvigoziva
kuti ndakaita kuti vaIsraeri vagare mumatumba pandakavabudisa kubva
muIjipiti. Ndini Jehovha Mwari wenyu.' "
[44] Saka Mozisi akazivisa kuvaIsraeri mitambo yakatarwa yaJehovha.

# 24

*Mafuta nechingwa zvinoiswa pamberi paJehovha*

[1] Jehovha akati kuna Mozisi, [2] "Rayira vaIsraeri kuti vauye kwauri na-
mafuta akaisvonaka amaorivhi akasvinwa, omwenje, kuitira kuti mwenje
irambe ichibvira nguva dzose. [3] Kunze kwechidzitiro cheChipupuriro
muTende Rokusangana, Aroni anofanira kuchengetedza mwenje iyi pam-
beri paJehovha kubva manheru kusvikira kwaedza, nguva dzose. Uyu
unofanira kuva murayiro unogara nokusingaperi kuzvizvarwa zvichauya.
[4] Mwenje iri pachigadziko chomwenje chegoridhe rakaisvonaka chiri
pamberi paJehovha inofanira kuchengetedzwa nguva dzose.
[5] "Torai upfu hwakatsetseka mugobika zvingwa gumi nezviviri
muchishandisa zvikamu zviviri kubva mugumi zveefa* pachingwa
chimwe nechimwe. [6] Zviisei mumitsara miviri, zvitanhatu mumutsara

* **24:5** 24:5 marita angaita 4.5

mumwe nomumwe, patafura yegoridhe rakaisvonaka pamberi paJehovha.
7 Pamutsetse mumwe nomumwe isai zvinonhuhwira zvive chirangaridzo
chinomirira chingwa uye zvive chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto.
8 Chingwa ichi chinofanira kuiswa pamberi paJehovha nguva nenguva,
Sabata neSabata zvakamirira vaIsraeri sesungano inogara nokusingaperi.
9 NdechaAroni navanakomana vake, vanofanira kuchidyira munzvimbo
tsvene, nokuti ichi chikamu chitsvene-tsvene chezvipiriso zvavo zvenguva
nenguva zvinoitirwa Jehovha nomoto."

*Akatuka Jehovha akatakwa namabwe*

10 Zvino mwanakomana wavamwe mai vechiIsraeri uye baba vake
vari vechiIjipita, akafamba pakati pavana vaIsraeri, uye mwanako-
mana womukadzi muIsraeri akarwa nomurume muIsraeri mumusasa.
11 Mwanakomana womukadzi muIsraeri akatuka Zita raJehovha nechi-
tuko; naizvozvo vakauya naye kuna Mozisi. (Zita ramai vake rainzi
Sheromiti, mwanasikana waDhibhiri worudzi rwaDhani.) 12 Vakamuisa
mutorongo kusvikira kuda kwaJehovha kwaiswa pachena kwavari.

13 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 14 "Tora mutuki uende naye kunze
kwomusasa. Vose vakamunzwa vanofanira kuisa maoko avo pamusoro
wake uye ungano yose inofanira kumutaka namabwe. 15 Uti kuvaIsraeri,
'Kana munhu upi zvake akatuka Mwari wake achava nemhosva; 16 ani
naani anotuka zita raJehovha anofanira kuurayiwa. Ungano yose
inofanira kumutaka namabwe. Kunyange ari mutorwa kana chizvarwa
chenyu, akatuka Zita raJehovha anofanira kuurayiwa.

17 " 'Ani naani anouraya munhu, anofanira kuurayiwa. 18 Munhu
wose anouraya chipfuwo chomumwe munhu anofanira kuripa, upenyu
hunotsiviwa noupenyu. 19 Kana munhu akakuvadza muvakidzani wake,
zvose zvaaita zvinofanira kuitwa kwaari. 20 Kutyora kunotsiviwa noku-
tyora, ziso rinotsiviwa neziso, zino rinotsiviwa nezino. Sezvaakuvadza
mumwe saka naiye anofanira kukuvadzwa. 21 Ani naani anouraya mhuka
anofanira kuripa asi ani naani anouraya munhu anofanira kuurayiwa.
22 Munofanira kuva nomutemo mumwe chete pamutorwa napachizvarwa
chemo. Ndini Jehovha Mwari wenyu.' "

23 Ipapo Mozisi akataura navaIsraeri, vakatora mutuki vakaenda naye
kunze kwomusasa, vakamutaka namabwe akafa. VaIsraeri vakaita
sezvakarayirwa Mozisi naJehovha.

# 25

*Gore reSabata*

1 Jehovha akati kuna Mozisi pagomo reSinai, 2 "Taura kuvaIsraeri
uti kwavari: 'Kana mapinda munyika yandichakupai, nyika pachayo
inofanira kucherechedza sabata kuna Jehovha. 3 Kwamakore matanhatu
dyarai minda yenyu, uye kwamakore matanhatu, dimurirai mizambiringa
yenyu mugounganidza michero yayo. 4 Asi mugore rechinomwe, nyika
inofanira kuva nesabata rokuzorora, sabata kuna Jehovha. Musadyara
minda yenyu kana kudimurira mizambiringa yenyu. 5 Musakohwa
zvinomera zvoga kana kukohwa mazambiringa amagoko. Nyika inofanira
kuva negore rokuzorora. 6 Gohwo ripi neripi renyika resabata richava
zvokudya zvenyu, zvako iwe, murandarume wako nomurandakadzi wako,
uye mushandi nomueni agere pakati penyu, 7 pamwe chete nezvipfuwo

zvenyu nemhuka dzesango dziri munyika yenyu. Zvibereko zvose
zvomunyika zvingadyiwa.

### *Gore reJubhiri*

8 “ ‘Verengai maSabata manomwe amakore, makore manomwe
akapetwa kanomwe, kuitira kuti maSabata manomwe amakore akwane
nguva inoita makore makumi mana namapfumbamwe. 9 Ipapo urayire
kuti hwamanda iridzwe kwose pazuva regumi romwedzi wechinomwe;
paZuva Rokuyananisira ridzai hwamanda munyika yenyu yose. 10 Tsaurai
gore ramakumi mashanu mugoparidza rusununguko munyika yose ku-
vagari vayo vose. Richava Jubhiri kwamuri; mumwe nomumwe wenyu
anofanira kudzokera kune zvake, uye mumwe nomumwe kumhuri yake.
11 Gore ramakumi mashanu richava gore reJubhiri kwamuri. Musadyara
uye musakohwa mazambiringa amagoko. 12 Nokuti iJubhiri uye rinofanira
kuva dzvene kwamuri. Idyai chete zvinotorwa kubva muminda.

13 “ ‘Mugore iri reJubhiri munhu wose anofanira kudzokera kune zvake.

14 “ ‘Kana mukatengesa munda kuno mumwe womunyika menyu
kana kutenga kwaari, musabiridzirana. 15 Munofanira kutenga kubva
kuvagari venyika yenyu zvichienderana nouwandu hwamakore kubva
pagore reJubhiri. Uye iye anofanira kutengesa zvichienderana nouwandu
hwamakore asara okukohwa zvirimwa. 16 Kana makore awanda, muno-
fanira kuwedzera mutengo, uye kana makore ari mashoma, munofanira
kudzikisa mutengo, nokuti zvaari kukutengeserai ndizvo chaizvoizvo
uwandu hwezvirimwa. 17 Musabiridzirana, asi ityai Mwari wenyu. Ndini
Jehovha Mwari wenyu.

18 “ ‘Teverai mitemo yangu mugochenjerera kuti muteerere mirayiro
yangu, ipapo muchagara makachengetedzeka munyika. 19 Ipapo nyika
ichabereka zvibereko zvayo uye imi muchadya kusvikira maguta, mu-
gogara makachengetedzeka. 20 Mungabvunza muchiti, “Ko, tichadyei
mugore rechinomwe kana tisingadyari kana kukohwa zvirimwa zvedu?”
21 Ndichakutumirai ropafadzo mugore rechitanhatu zvokuti nyika ich-
abereka zvinokwana makore matatu. 22 Pamunenge muchidyara mu-
gore rorusere muchadya kubva kuzvirimwa zvakare, uye mucharamba
muchidya kubva kwazviri kusvika gohwo regore rechipfumbamwe
rasvika.

23 “ ‘Munda haufaniri kutengeswa nokusingaperi, nokuti nyika
ndeyangu uye imi muri vatorwa navaeni kwandiri. 24 Munyika yose
yamuchatora, munofanira kutendera kudzikinurwa kwenyika.

25 “ ‘Kana mumwe wavagari venyika yenyu akava murombo akatengesa
zvimwe zvezvinhu zvake, hama yake yepedyo inofanira kuuya ku-
zodzikinura zvakatengeswa nehama yake. 26 Zvisinei, kana munhu
ashaya angamudzikinurira zvinhu izvi, asi iye akazobudirira akawana
nzira dzakakwana dzokuzvidzikinura, 27 anofanira kupima kukosha
kwomutengo wazvo kubva pagore raakazvitengesa, agodzosera zvasara
pamuripo wazvo, kumurume waakazvitengesera; ipapo angadzokera
kune zvake. 28 Asi kana akashaya nzira dzokumudzorera nadzo,
zvaakatengesa zvicharamba zviri mumaoko omutengi kusvikira gore
reJubhiri. Zvichadzoserwa mugore reJubhiri uye iye achagona kudzokera
kune zvake.

29 “ ‘Kana munhu akatengesa imba muguta rino rusvingo, anoramba
aine mvumo yokuidzikinura kwegore rose shure kwokutengeswa kwayo.

Munguva iyoyo anogona kuidzikinura. 30 Kana isina kudzikinurwa gore
risati rapfuura, imba iri muguta rino rusvingo ichava yowakatenga
nezvizvarwa zvake nokusingaperi. Haifaniri kudzorerwa paJubhiri. 31 Asi
dzimba dziri mumisha isina kukomberedzwa namasvingo dzinofanira
kuonekwa sesango. Dzinogona kudzikinurwa uye dzinofanira kud-
zoserwa muJubhiri.

32 " 'VaRevhi vane mvumo nguva dzose yokudzikinura dzimba dzavo
mumaguta avaRevhi, anova avo. 33 Naizvozvo zvinhu zvavaRevhi zvinog-
ona kudzikinurwa, zvichireva kuti imba inotengeswa muguta ravo ripi
neripi inofanira kudzoserwa muJubhiri, nokuti dzimba dziri mumaguta
avaRevhi zvinhu zvavo pakati pavaIsraeri. 34 Asi mafuro amaguta avo
haafaniri kutengeswa; inhaka yavo inogara nokusingaperi.

35 " 'Kana mumwe wehama dzenyu akava murombo uye asisagoni
kuzviriritira pakati penyu, mubatsirei sezvamunoita mutorwa kana mueni
kuti arambe achigara pakati penyu. 36 Musatora mhindu yemhando
ipi zvayo kubva kwaari, asi ityai Mwari wenyu kuitira kuti hama
yenyu irambe ichigara pakati penyu. 37 Hamufaniri kumukweretesa
mari muchiti ichazobereka mhindu kana kumutengesera zvokudya zvine
mhindu. 38 Ndini Jehovha Mwari wenyu akakubudisai kubva muIjipiti kuti
ndikupei nyika yeKenani uye kuti ndive Mwari wenyu.

39 " 'Kana mumwe wehama dzenyu akava murombo pakati
penyu akazvitengesa kwamuri, musamuita kuti ashande somuranda.
40 Anofanira kubatwa somushandi wamaricho kana kuti mushanyi ari
pakati penyu; anofanira kukushandirai kusvikira Gore reJubhiri. 41 Ipapo
iye navana vake vanofanira kusunungurwa, uye achadzokera kurudzi
rwake nokuzvinhu zvamadzitateguru ake. 42 Nokuti vaIsraeri varanda
vangu vandakabudisa kubva muIjipiti, havafaniri kutengeswa senhapwa.
43 Musavatonga neutsinye, asi ityai Mwari wenyu.

44 " 'Nhapwa dzenyu dzechirume nedzechikadzi dzinofanira kubva
mundudzi dzakakukomberedzai; munogona kutenga nhapwa kubva
kwavari. 45 Munogona kutengawo vatorwa vashanyi vagere pakati penyu
nemhuri dzavo dzakaberekerwa munyika yenyu, uye vachava pfuma
yenyu. 46 Munogona kuvaita nhaka yavana venyu uye kuvaita nhapwa
kweupenyu hwavo hwose, asi hamufaniri kutonga vamwe vaIsraeri
zvakaomarara.

47 " 'Mutorwa kana mushanyi pakati penyu akava mupfumi, uye mumwe
wavanhu venyika yenyu akava murombo akazvitengesa kumutorwa agere
pakati penyu, kana kumhuri yomutorwa, 48 anoramba ane mvumo
yokudzikinurwa mushure mokunge azvitengesa. Mumwe wehama dzake
anogona kumudzikinura: 49 Babamunini vake kana mwanakomana
wababamunini vake, kana hama yake yapedyo worudzi rwake anga-
mudzikinura. 50 Iye neanomutenga vanofanira kuverenga nguva kubva
pagore raakazvitengesa kusvikira paGore reJubhiri. Mutengo wokusu-
nungurwa kwake unofanira kuenzaniswa nemari inoripwa mushandi
wemaricho kwamakore iwayo. 51 Kana kuchine makore akawanda
asara, anofanira kuripira rudzikinuro rwake, chikamu chikuru chemari
yaakaripirwa. 52 Kana kwasara makore mashoma shoma Gore reJubhiri
risati rasvika, anofanira kurangana naye agodzosera mari yorudzikinuro
rwake zvichienzaniswa namakore ake. 53 Anofanira kubatwa somushandi

wemaricho gore rimwe nerimwe; munofanira kuona kuti tenzi wake haamutongi zvakaomarara.

54 " 'Kunyange zvake asina kudzikinurwa neimwe yenzira idzi, iye
navana vake vanofanira kusunungurwa mugore reJubhiri, 55 nokuti
vaIsraeri ndevangu savaranda vangu. Varanda vangu vandakabudisa kubva muIjipiti. Ndini Jehovha Mwari wenyu.

# 26

*Mubayiro woKuteerera*

1 " 'Musaita zvifananidzo kana kumisa chifananidzo kana ibwe rinoyera kwamuri, uye musaisa dombo rakavezwa munyika yenyu kuti mukotamire pamberi paro. Ndini Jehovha Mwari wenyu.

2 " 'Chengetai maSabata angu uye muremekedze nzvimbo yangu tsvene. Ndini Jehovha.

3 " 'Kana mukatevera mitemo yangu uye mukachenjerera kuti mu-
teerere mirayiro yangu, 4 ndichakutumirai mvura nenguva yayo, uye ivhu
richabereka zvirimwa zvaro uye miti yesango ichabereka michero yayo.
5 Kupura kwenyu kuchasvika pakukohwa mazambiringa uye kukohwa mazambiringa kuchasvika pakudyara, uye muchadya zvose zvamunoda uye mugogara makachengetedzeka munyika menyu.

6 " 'Ndichapa rugare panyika, uye muchavata pasi pasina achakuvhun-
dutsai. Ndichabvisa zvikara zvesango panyika, uye munondo haungazop-
fuuri nomunyika yenyu. 7 Muchadzinganisa vavengi venyu, uye vachawa
nomunondo pamberi penyu. 8 Vashanu venyu vachadzinganisa zana, uye zana renyu richadzinganisa zviuru gumi uye vavengi venyu vachawa nomunondo pamberi penyu.

9 " 'Ndichakutarisai nenyasha uye ndichaita kuti muve nezvibereko
uye muwande, uye ndichachengeta sungano yangu nemi. 10 Muchange
muchiri kudya gohwo regore rakapera pamuchazobvisa kuti muise
zvitsva. 11 Ndichadzika tabhenakeri yangu pakati penyu uye handizokuse-
mai. 12 Ndichafamba pakati penyu ndigova Mwari wenyu, uye muchava
vanhu vangu. 13 Ndini Jehovha Mwari wenyu, ndakakubudisai kubva munyika yeIjipiti kuti musazova varanda kuvaIjipita zvakare, ndakatyora matanda ejoko renyu ndikakufambisai makati twi.

*Chirango choKusateerera*

14 " 'Asi kana mukasanditeerera uye mukasaita zvose izvi zvandi-
norayira, 15 uye mukaramba mitemo yangu, mukasema mirayiro
yangu, mukatadza kuzadzisa zvose zvandakarayira, saizvozvo mukaputsa
sungano yangu, 16 ipapo ndichaita izvi kwamuri: Ndichauyisa pamusoro
penyu zvinotyisa, zvirwere zvinoparadza nedenda richaparadza meso enyu, uye rigokusvetai upenyu hwenyu. Muchadyarira zviyo zvenyu
pasina nokuti vavengi venyu vachazvidya. 17 Chiso changu chichanan-
gana nemi zvokuti muchakundwa navavengi venyu. Avo vanokuvengai vachakutongai, uye muchatiza kunyange pasina anokudzinganisai.

18 " 'Kana mukasanditeerera mushure maizvozvi zvose, ndichakuran-
gai kakapetwa kanomwe nokuda kwezvivi zvenyu. 19 Ndichaputsa
kuzvikudza kwenyu ndigoita kuti denga renyu rive sesimbi, uye ivhu riri
pasi penyu sendarira. 20 Simba renyu richaperera pasina nokuti ivhu renyu harizobereki zvibereko, kana miti yenyika yenyu, michero yayo.

21 " 'Kana mukaramba muchirwisana neni uye mukaramba kundi-
teerera, ndichawedzera matambudziko enyu zvakapetwa kanomwe, sez-
vakafanira zvivi zvenyu. 22 Ndichatuma zvikara zvesango kuti zvizokur-
wisai, uye zvichakutorerai vana venyu, zvigoparadza mombe dzenyu
zvigokuitai vashoma zvokuti nzira dzenyu dzichasara dzisina vanhu.
23 " 'Ipapo kana musingadi kudzorwa neni pazvinhu izvi, asi
mukaramba muchirwisana neni, 24 ini pachangu ndicharwisana nemi,
uye ndichakurangai kakapetwa kanomwe nokuda kwezvivi zvenyu.
25 Uye ndichauyisa munondo wehondo pamusoro penyu kuti unditsivire
kuputswa kwesungano. Kana mukatizira mumaguta enyu ndichatumira
denda pakati penyu, uye muchaiswa mumaoko avavengi. 26 Kana
ndikamisa mugove wenyu wechingwa, vakadzi gumi vachagona kubika
chingwa chenyu pachoto chimwe chete, uye vachakanya chingwa chenyu
zviri pamwero. Muchadya, asi hamungaguti.
27 " 'Mushure maizvozvi, mukaramba musinganditeereri asi
mukaramba muchienderera mberi nokundirwisa, 28 ipapo mukutsamwa
kwangu ndicharwisana nemi, uye ini pachangu ndichakurangai
nokuda kwezvivi zvenyu kakapetwa kanomwe. 29 Muchadya nyama
yavanakomana venyu nenyama yavanasikana venyu. 30 Ndichaparadza
nzvimbo dzenyu dzakakwirira, ndigotemera pasi aritari dzenyu
dzezvinonhuhwira uye ndigounganidza zvitunha zvenyu pamusoro
pavamwari venyu vasina upenyu, uye ndichakusemai. 31 Ndichaita kuti
maguta enyu ave matongo uye ndigoparadza nzvimbo dzenyu tsvene, uye
handizofariri munhuwi unonhuhwira zvinofadza wezvipiriso zvenyu.
32 Ndichaparadza nyika yenyu, zvokuti vavengi venyu vanogaramo
vachashamiswa. 33 Ndichakuparadzirai pakati pendudzi uye ndichabudisa
munondo wangu ndigokudzingirirai. Nyika yenyu ichaparara, uye maguta
enyu achava matongo. 34 Ipapo nyika ichafarira makore ayo esabata
panguva yose yokuparadzwa kwayo pamunenge muri munyika yavavengi
venyu; ipapo nyika ichazorora igofadzwa namasabata ayo. 35 Panguva
yose yokuparadzwa kwayo nyika ichava nezororo rayakashayiwa
pamasabata panguva yamakararama mairi.
36 " 'Kana vari vamwe venyu vanosara, ndichaita kuti hana dzavo
dzizare nokutya munyika dzavavengi vavo zvokuti kurira kweshizha
rinopeperetswa nemhepo kuchaita kuti vatize. Vachamhanya vachiwirana
sokunge vari kutiza munondo, vachawa kunyange pasina ari kuvadzin-
ganisa. 37 Vachabonderana sokunge vanotiza munondo, kunyange pasina
anovadzinganisa. Saka hamuzogoni kumira pamberi pavavengi venyu.
38 Muchaparara pakati pendudzi; nyika yavavengi venyu ichakuparadzai.
39 Avo pakati penyu vachasara, vachaonda munyika dzavavengi vavo
nokuda kwezvivi zvavo; uye vachaonda nokuda kwezvivi zvamadzibaba
avo.
40 " 'Asi kana vakareurura zvivi zvavo nezvivi zvamadzibaba avo,
kundimukira kwavo noruvengo rwavo kwandiri, 41 zvakaita kuti ndi-
varwise kusvikira ndavaendesa kunyika yavavengi vavo, ipapo kana
mwoyo yavo isina kudzingiswa yaninipiswa, varipira zvivi zvavo,
42 ndicharangarira sungano yangu naJakobho nesungano yangu naIsaka
uye nesungano yangu naAbhurahama; uye ndicharangarira nyika iyi.
43 Nokuti nyika yavachasiya icharamba ichifarira masabata ayo kunyange
yaparadzwa saizvozvo vasimo. Vacharipira zvivi zvavo nokuti vakaramba
mirayiro yangu vakasema mitemo yangu. 44 Asi kunyange zvakadaro,
kana vari munyika yavavengi vavo, handizovarambi kana kuvasema kuti

ndivaparadze zvachose, ndichiputsa sungano yangu navo. Ndini Jehovha
Mwari wavo. 45 Asi nokuda kwavo ndicharangarira sungano yandakaita
namadzitateguru avo vandakabudisa kubva muIjipiti pamberi pendudzi
dzose kuti ndive Mwari wavo. Ndini Jehovha.' "
46 Iyi ndiyo mitemo, mirayiro nezvakatemwa zvakamiswa naJehovha
pagomo reSinai pakati pake navaIsraeri kubudikidza naMozisi.

# 27

*Kudzikinura zvaJehovha*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura navaIsraeri uti kwavari, 'Kana
munhu akaita mhiko yakasarudzika yokuti akumikidze vanhu kuna
Jehovha nokupa mutengo wakaenzanirana, 3 utare mutengo womunhu-
rume ane makore ari pakati pamakumi maviri namakumi matanhatu
pamashekeri makumi mashanu* esirivha, zvichienzaniswa neshekeri
rapanzvimbo tsvene†; 4 uye kana ari munhukadzi, utare mutengo wake
pamashekeri makumi matatu‡. 5 Kana ari munhu ana makore ari pakati
pamashanu namakore makumi maviri, utare mutengo womunhurume
pamashekeri makumi maviri§, uye munhukadzi pamashekeri gumi*.
6 Kana ari munhu ari pakati pomwedzi mumwe namakore mashanu,
utare mutengo womunhurume pamashekeri mashanu† esirivha uye utare
pamunhukadzi mashekeri matatu‡ esirivha. 7 Kana munhu ane makore
makumi matanhatu kana anopfuura, utare mutengo womunhurume pa-
mashekeri gumi namashanu§, uye pamunhukadzi mashekeri gumi. 8 Kana
munhu wose anenge achiita mhiko ari murombo zvikuru zvokutotadza
kuripa muripo wakatarwa, anofanira kuuya nomunhu uyu kumuprista,
achatara mutengo wake zvichienderana nezvinokwaniswa nomunhu ari
kuita mhiko.
9 " 'Kana chaakapika chiri mhuka inogamuchirika sechipiriso kuna Je-
hovha, mhuka yakadai inopiwa kuna Jehovha ichava tsvene. 10 Haafaniri
kuchitsinhanisa kana kuisa chakanaka panzvimbo yechakaipa, kana
chakaipa panzvimbo yechakanaka; kana akaisa mhuka pachinzvimbo
cheimwe, dzose dziri mbiri neyatsinhanisa dzichava tsvene. 11 Kana
chaakapika chiri mhuka isina kuchena, iyo isingagamuchiriki sechipiriso
kuna Jehovha, mhuka iyi inofanira kupiwa kumuprista, 12 uyo achatara
kukosha kwayo, kuti yakanaka kana kuti yakaipa. Mutengo upi noupi
uchatemwa nomuprista, ndiwo uchave mutengo wayo. 13 Kana muridzi
achida kudzikinura mhuka iyi, anofanira kupamhidzira chikamu chimwe
chete muzvishanu pamutengo wayo.
14 " 'Kana munhu akakumikidza imba yake sechinhu chitsvene kuna
Jehovha, muprista achatara kukosha kwayo kuti yakanaka here kana kuti
yakaipa. Mutengo upi noupi uchatemwa nomuprista, ndiwo ucharamba
uripo. 15 Kana murume anokumikidza imba yake akaidzikinura, anofanira
kupamhidzira chikamu chimwe chete muzvishanu zvomutengo wayo. Uye
imba ichava yake zvakare.
16 " 'Kana munhu akakumikidza kuna Jehovha chikamu chomunda
wemhuri yake, mutengo wawo unofanira kutarwa zvichienderana

---

* **27:3** 27:3 0.6 yekirogiramu, uyewo nomundima 16 † **27:3** 27:3 magiramu angaita 11.5, uyewo nomundima 25 ‡ **27:4** 27:4 0.3 yekirogiramu § **27:5** 27:5 0.2 yekirogiramu * **27:5** 27:5 magiramu angaita 115 uyewo nomundima 7 † **27:6** 27:6 magiramu angaita 55 ‡ **27:6** 27:6 magiramu angaita 35 § **27:7** 27:7 magiramu angaita 170

nouwandu hwezviyo zvinodiwa ipapo, mashekeri makumi mashanu
esirivha pahomeri* yezviyo yebhari. 17 Kana akakumikidza munda
wake mugore reJubhiri, mutengo wakatarwa unoramba uripo. 18 Asi
kana akakumikidza munda wake mushure meJubhiri, muprista achatara
mutengo zvichienderana namakore asara Jubhiri rinotevera risati rasvika,
uye mutengo wawo wakatarwa uchaderedzwa. 19 Kana murume anoku-
mikidza munda achida kuudzikinura, anofanira kupamhidzira chikamu
chimwe chete muzvishanu pamutengo wacho, uye munda uchava wake
zvakare. 20 Kunyange zvakadaro, kana asingadzikinuri munda wake, kana
akautengesera mumwe munhu, hauzogoni kudzikinurwa. 21 Kana munda
ukasunungurwa muJubhiri, uchava mutsvene, somunda wakapiwa kuna
Jehovha; uchava munda wavaprista.

22 " 'Kana munhu akakumikidza kuna Jehovha munda waakatenga, usiri
chikamu chomunda wemhuri yake, 23 muprista achatara mutengo wawo
kusvikira mugore reJubhiri, uye munhu uyu anofanira kuripa mutengo
wawo musi iwoyo sechinhu chitsvene kuna Jehovha. 24 Mugore reJubhiri
munda uchadzokera kumunhu waakatengeserana naye uyo aiva muridzi
womunda. 25 Mutengo wose unofanira kutarwa zvichienderana neshekeri
repanzvimbo tsvene, makumi maviri amagera pashekeri rimwe.

26 " 'Zvisinei hazvo, hapana munhu angakumikidza dangwe remhuka,
sezvo dangwe ragara riri raJehovha kare; ingava mombe kana gwai;
ndezvaJehovha. 27 Kana iri imwe yemhuka dzisina kuchena, anogona
kuidzikinura nomutengo wayo wakatarwa, achipamhidzira chikamu
chimwe chete muzvishanu pamutengo wayo. Kana isina kudzikinurwa,
inofanira kutengeswa nomutengo wayo wakatarwa.

28 " 'Asi hakuna chinhu chomunhu chinopiwa kuna Jehovha, angava
munhu kana mhuka kana munda wemhuri, chinogona kutengeswa kana
kudzikinurwa; chinhu chose chinopiwa saizvozvo chinova chitsvene
kwazvo kuna Jehovha.

29 " 'Hakuna munhu anopiwa kuti aparadzwe angadzikinurwa;
anofanira kuurayiwa.

30 " 'Chegumi chezvinhu zvose zvinobva mumunda, zvingava zviyo
zvinobva muvhu kana michero yemiti, ndezvaJehovha; zvitsvene kuna
Jehovha. 31 Kana munhu akadzikinura chimwe chinhu pazvegumi zvake,
anofanira kupamhidzira chikamu chimwe chete muzvishanu pamutengo
wacho. 32 Chegumi chose chemombe namakwai, mhuka yose yegumi
inopfuura napasi petsvimbo yomufudzi, ichava tsvene kuna Jehovha.
33 Haafaniri kusarudza zvakanaka kubva mune zvakaipa kana kuzvitsin-
hanisa. Kana akazvitsinhanisa, mhuka dzose dziri mbiri, yatsiviwa
neyatsiva, dzichava tsvene uye hadzigoni kudzikinurwa.' "

34 Iyi ndiyo mirayiro yavaIsraeri yakapiwa Mozisi naJehovha paGomo
reSinai.

* 27:16 27:16 marita angaita 220

# NUMERI

*Kuverengwa kwaVanhu*

1 Jehovha akataura naMozisi muTende Rokusangana, vari murenje
reSinai, nezuva rokutanga romwedzi wechipiri, mugore rechipiri shure
kwokubuda kwavaIsraeri muIjipiti, achiti, 2 "Verenga ungano yose
yavaIsraeri nedzimba dzavo uye nemhuri dzavo, uchinyora murume
wose wose nezita rake, mumwe nomumwe. 3 Iwe naAroni munofanira
kuverenga varume vose vari muIsraeri namapoka avo vane makore
makumi maviri kana anodarika vanogona kurwa muhondo. 4 Murume
mumwe chete kubva kurudzi rumwe norumwe, mumwe nomumwe ari
mukuru wemhuri yake achakubatsira.

5 "Aya ndiwo mazita avarume vanofanira kukubatsira:

"kubva kwaRubheni, Erizuri mwanakomana waShedheuri;
6 kubva kwaSimeoni, Sherumieri mwanakomana waZurishadhai;
7 kubva kwaJudha, Nashoni mwanakomana waAminadhabhi;
8 kubva kwaIsakari, Netaneri mwanakomana waZuari;
9 kubva kwaZebhuruni, Eriabhi mwanakomana waHeroni;
10 kubva kuvanakomana vaJosefa:
kubva kuna Efuremu, Erishama mwanakomana waAmihudhi;
kubva kuna Manase, Gamarieri mwanakomana waPedhazuri;
11 kubva kwaBhenjamini, Abhidhani mwanakomana waGidheoni;
12 kubva kwaDhani, Ahiezeri mwanakomana waAmishadhai;
13 kubva kwaAsheri, Pagieri mwanakomana waOkirani;
14 kubva kwaGadhi, Eriasafi mwanakomana waDheueri;
15 kubva kwaNafutari, Ahira mwanakomana waEnani."

16 Ava ndivo varume vakatsaurwa kubva paungano, vatungamiri vamarudzi amadzibaba avo. Ndivo vaiva vakuru vedzimba dzavaIsraeri.

17 Mozisi naAroni vakatora varume ava vane mazita avakanga vapiwa,
18 vakaunganidza ungano yose pamwe chete pazuva rokutanga romwedzi
wechipiri. Vanhu vakaratidza madzitateguru avo, dzimba dzavo nemhuri
dzavo, uye varume vaiva namakore makumi maviri kana anodarika
vakanyorwa mazita avo mumwe nomumwe, 19 sezvakanga zvarayirwa
Mozisi naJehovha. Nokudaro akavaverenga muRenje reSinai:

20 Kubva kuzvizvarwa zvaRubheni mwanakomana wedangwe waIsraeri:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona kurwa muhondo vakaverengwa uye vakanyorwa mazita, mumwe nomumwe, maererano nezvinyorwa zvedzimba dzavo nezvemhuri
dzavo. 21 Vakaverengwa kubva kurudzi rwaRubheni vaiva zviuru
makumi mana nezvitanhatu, namazana mashanu.

22 Kubva kuzvizvarwa zvaSimeoni:

Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakaverengwa uye vakanyorwa mazita, mumwe
nomumwe, maererano nezvinyorwa zvedzimba dzavo nezvemhuri
dzavo. 23 Vakaverengwa vaibva kurudzi rwaSimeoni vaisvika
zviuru makumi mashanu nezvipfumbamwe, namazana matatu.

24 Kubva kuzvizvarwa zvaGadhi:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika, vaig-
ona kurwa muhondo, vakanyorwa mazita maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 25 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaGadhi vaisvika zviuru makumi mana nezvishanu,
namazana matanhatu namakumi mashanu.

26 Kubva kuzvizvarwa zvaJudha:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 27 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaJudha vaisvika zviuru makumi manomwe nezvina,
namazana matanhatu.

28 Kubva kuzvizvarwa zvaIsakari:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 29 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaIsakari vaisvika zviuru makumi mashanu nezvina,
namazana mana.

30 Kubva kuzvizvarwa zvaZebhuruni:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 31 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaZebhuruni vaisvika zviuru makumi mashanu nezvi-
nomwe, namazana mana.

32 Kubva kuvanakomana vaJosefa:
Kubva kuzvizvarwa zvaEfuremu:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 33 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaEfuremu vaisvika zviuru makumi mana, namazana
mashanu.
34 Kubva kuzvizvarwa zvaManase:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 35 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaManase vaisvika zviuru makumi matatu nezviviri,
namazana maviri.

36 Kubva kuzvizvarwa zvaBhenjamini:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba nezvemhuri dzavo. 37 Vakaverengwa kubva kurudzi

rwaBhenjamini vaisvika zviuru makumi matatu nezvishanu, na-
mazana mana.

38 Kubva kuzvizvarwa zvaDhani:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika, vaig-
ona kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 39 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaDhani vaisvika zviuru makumi matanhatu nezviviri,
namazana manomwe.

40 Kubva kuzvizvarwa zvaAsheri:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo uye nezvemhuri dzavo. 41 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaAsheri vaisvika zviuru makumi mana nechimwe chete,
namazana mashanu.

42 Kubva kuzvizvarwa zvaNafutari:
Varume vose vaiva namakore makumi maviri kana anodarika vaigona
kurwa muhondo vakanyorwa mazita, maererano nezvinyorwa
zvedzimba dzavo nezvemhuri dzavo. 43 Vakaverengwa kubva
kurudzi rwaNafutari vaisvika zviuru makumi mashanu nezvitatu,
namazana mana.

44 Ava ndivo varume vakaverengwa naMozisi naAroni na-
vatungamiri veIsraeri gumi nevaviri, mumwe nomumwe
achimiririra mhuri yake. 45 VaIsraeri vose vaiva namakore
makumi maviri kana anodarika vaigona kurwa muhondo
yeIsraeri vakaverengwa maererano nemhuri dzavo. 46 Vose
vakaverengwa vakasvika zviuru mazana matanhatu nezvitatu,
namazana mashanu ana makumi mashanu.

47 Kunyange zvakadaro, mhuri dzavaRevhi hadzina kuverengwa pamwe
chete navamwe. 48 Jehovha akanga ati kuna Mozisi: 49 "Haufaniri kuv-
erenga rudzi rwaRevhi kana kuvabatanidzira pakuverengwa kwavamwe
vaIsraeri. 50 Asi ugadze vaRevhi kuti vave vatariri vetabhenakeri
yeChipupuriro, napamusoro pemidziyo yayo yose; vanofanira ku-
takura tabhenakeri nemidziyo yayo yose; vanofanira kuichengeta
nokuikomberedza nemisasa yavo. 51 Panguva yose inobviswa tabhenakeri,
vaRevhi ndivo vanofanira kuidzikisa pasi, uye panguva yose yainomiswa,
vaRevhi ndivo vanofanira kuita izvozvo. Ani zvake mumwewo anoswed-
era kwairi achaurayiwa. 52 VaIsraeri vanofanira kudzika matende
avo namapoka avo, murume mumwe nomumwe mumusasa wake pasi
pomureza wokwake. 53 Zvakadaro hazvo, vaRevhi, vanofanira kudzika
matende avo vakapoteredza tabhenakeri yeChipupuriro kuitira kuti hasha
dzirege kuwira pamusoro peungano yavaIsraeri. VaRevhi ndivo vane basa
rokuchengeta tabhenakeri yeChipupuriro."
54 VaIsraeri vakaita izvi zvose sezvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha.

# 2

*Urongwa hweMisasa yaMarudzi*

1 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni: 2 "VaIsraeri vanofanira kuvaka
musasa vakapoteredza Tende Rokusangana nechokure, mumwe no-
mumwe pasi pomureza wokwake nezviratidzo zvedzimba dzamadzibaba
ake."

3 Kumabvazuva, kwakanangana nokunobuda nezuva, mapoka okwa-
Judha anofanira kuvaka misasa yawo pasi pomureza wavo. Mu-
tungamiri wavanhu vaJudha ndiNashani mwanakomana waAminad-
habhi. 4 Boka rake rina vanhu vanosvika zviuru makumi manomwe
nezvina, namazana matanhatu.
5 Rudzi rwaIsakari ruchavaka misasa pedyo navo. Mutungamiri
wavanhu vaIsakari ndiNetaneri mwanakomana waZuari. 6 Boka rake
rina vanhu vanosvika zviuru makumi mashanu nezvina, namazana
mana.
7 Rudzi rwaZebhuruni ndirwo ruchatevera. Mutungamiri wavanhu
vaZebhuruni ndiEriabhi mwanakomana waHeroni. 8 Boka rake rina
vanhu vanosvika zviuru makumi mashanu nezvinomwe, namazana
mana.
9 Varume vose vanodiwa kumusasa waJudha maererano
namapoka avo, vanokwana zviuru zana namakumi masere
nezvitanhatu, namazana mana. Ava ndivo vachatanga
kusimuka.

10 Kurutivi rwezasi kuchava namapoka emisasa yaRubheni ichange
iri pasi pomureza wavo. Mutungamiri wavanhu vokwaRubheni
ndiErizuri mwanakomana waShedheuri. 11 Boka rake rina vanhu
vanosvika zviuru makumi mana nezvitanhatu, namazana mashanu.
12 Rudzi rwaSimeoni ruchavaka misasa pedyo navo. Mutungamiri
wavanhu vokwaSimeoni ndiSharumiri mwanakomana waZurishad-
hai. 13 Boka rake rina vanhu vanosvika zviuru makumi mashanu
nezvipfumbamwe, namazana matatu.
14 Rudzi rwaGadhi ndirwo ruchatevera. Eriasafi mwanakomana waD-
heueri ndiye mutungamiri wavanhu vokwaGadhi. 15 Boka rake
rina vanhu vanosvika zviuru makumi mana nezvishanu, namazana
matanhatu namakumi mashanu.
16 Varume vose vakadanwa kumusasa waRubheni maererano
namapoka avo, vaisvika zviuru zana namakumi mashanu
nerimwe chete, namazana mana namakumi mashanu. Ndivo
vachava vechipiri pakusimuka.

17 Ipapo Tende Rokusangana nomusasa wavaRevhi zvichasimuka pakati
pemisasa. Vachasimuka zvimwe chetezvo zvavanoita pakumisa
misasa, mumwe nomumwe panzvimbo yake, pasi pomureza wake.

18 Nechokumavirira kuchava namapoka emisasa yaEfuremu ari pasi
pemireza yawo. Mutungamiri wavanhu vokwaEfuremu ndiErishama
mwanakomana waAmihudhi. 19 Boka rake rina vanhu vanosvika
zviuru makumi mana, namazana mashanu.
20 Rudzi rwaManase ndirwo ruchavatevera. Mutungamiri wavanhu vok-
waManase ndiGamarieri mwanakomana waPedhazuri. 21 Boka rake
rina vanhu vanosvika zviuru makumi matatu nezviviri, namazana
maviri.
22 Rudzi rwaBhenjamini ndirwo ruchatevera. Mutungamiri wavanhu

vokwaBhenjamini ndiAbhidhani mwanakomana waGidheoni. 23 Boka
rake rina vanhu vanosvika zviuru makumi matatu nezvishanu,
namazana mana.
24 Varume vose vakadanwa kumusasa waEfuremu, maererano
namapoka avo, vanosvika zviuru zana nezvisere, nezana rimwe
chete. Vachava vechitatu pakusimuka.

25 Nechokumusoro kuchava namapoka emisasa yaDhani, pasi pomureza
wavo. Mutungamiri wavanhu vokwaDhani ndiAhiezeri mwanako-
mana waAmishadhai. 26 Boka rake rina vanhu vanosvika zviuru
makumi matanhatu nezviviri, namazana manomwe.
27 Rudzi rwaAsheri ruchadzika misasa pedyo navo. Mutungamiri
wavanhu vokwaAsheri ndiPagieri mwanakomana waOkerani. 28 Boka
rake rina vanhu vanosvika zviuru makumi mana nechimwe chete
namazana mashanu.
29 Rudzi rwaNafutari ndirwo ruchatevera. Mutungamiri wavanhu
vokwaNafutari ndiAhira mwanakomana waEnani. 30 Boka rake
rina vanhu vanosvika zviuru makumi mashanu nezvitatu, namazana
mana.
31 Varume vose vakadanwa kumusasa waDhani vanosvika zviuru
zana namakumi mashanu nezvinomwe, namazana matanhatu.
Ndivo vachava vokupedzisira pakusimuka, vari pasi pemireza
yavo.

32 Ava ndivo vaIsraeri vakaverengwa maererano nemhuri dzavo.
Vose vakanga vari mumisasa, namapoka avo vanosvika zvi-
uru mazana matanhatu nezvitatu, namazana mashanu ana
makumi mashanu. 33 Kunyange zvakadaro, vaRevhi havana
kuverengwa pamwe chete navamwe vaIsraeri, sokurayirwa
kwakanga kwaitwa Mozisi naJehovha.

34 Saizvozvo vaIsraeri vakaita zvose zvakarayirwa Mozisi naJehovha;
ndiyo nzira yavakamisa nayo misasa yavo pasi pemireza yavo, uye ndiyo
nzira yavakasimuka nayo, mumwe nomumwe neimba yake nemhuri yake.

# 3

*VaRevhi*

1 Iyi ndiyo nhoroondo yemhuri yaAroni naMozisi panguva iyo Jehovha
akataura naMozisi paGomo reSinai.

2 Mazita avanakomana vaAroni aiva Nadhabhi dangwe rake, naAbhihu,
naEreazari naItamari. 3 Ndiwo akanga ari mazita avanakomana vaAroni,
ivo vaprista vakazodzwa, vakanga vagadzwa kuti vashumire savaprista.
4 Kunyange zvakadaro, Nadhabhi naAbhihu, vakafa pamberi paJehovha
panguva yavakaita chipiriso nomoto wakanga usingabvumirwi pamberi
pake muRenje reSinai. Vakanga vasina vanakomana; saka Ereazari
naItamari chete ndivo vakashumira sevaprista, Aroni baba vavo vachiri
vapenyu.
5 Jehovha akati kuna Mozisi, 6 “Uyisa rudzi rwaRevhi ugovaisa pamberi
paAroni muprista kuti vagomubatsira. 7 Vanofanira kuita mabasa ake uye
vagoshandira ungano yose paTende Rokusangana nokubata basa retab-
henakeri. 8 Vanofanira kuchengeta midziyo yose yeTende roKusangana,

vazadzise mabasa avaIsraeri pakuita kwavo basa retabhenakeri. 9 VaRevhi
uvape kuna Aroni navanakomana vake; ndivo vaIsraeri vanofanira
kupiwa kwaari zvachose. 10 Ugadze Aroni navanakomana vake kuti
vagoshumira savaprista; ani zvake mumwewo anoswedera panzvimbo
tsvene anofanira kuurayiwa."

11 Jehovha akatizve kuna Mozisi, 12 "Ndakatora vaRevhi kubva pakati
pavaIsraeri pachinzvimbo chedangwe romukomana rinoberekwa no-
mukadzi wose weIsraeri. VaRevhi ndevangu, 13 nokuti matangwe ose
ndeangu. Pandakauraya matangwe muIjipiti, ndakazvitsaurira dangwe
rimwe nerimwe muIsraeri, angava munhu kana mhuka. Zvinofanira kuva
zvangu. Ndini Jehovha."

14 Jehovha akati kuna Mozisi ari murenje reSinai, 15 "Verenga vaRevhi
nemhuri dzavo uye nedzimba dzavo. Uverenge vanhurume vose vane
mwedzi mumwe chete kana kupfuura pakuberekwa." 16 Saka Mozisi
akavaverenga. Sezvaakanga arayirwa neshoko raJehovha.

17 Aya ndiwo mazita avanakomana vaRevhi:
Gerishoni, Kohati naMerari.
18 Aya ndiwo aiva mazita edzimba dzavaGerishoni:
Ribhini naShimei.
19 Dzimba dzavaKohati:
Amurami, Izhari, Hebhuroni naUzieri.
20 Dzimba dzavaMerari:
Mari naMushi.

Idzi ndidzo dzaiva dzimba dzavaRevhi maererano nemhuri dzavo.

21 Kuna Gerishoni ndiko kwaiva nedzimba dzavaRibhini navaShimei; ndivo vakanga vari vedzimba dzavaGerishoni.
22 Kuwanda kwavanhurume vose vaiva nomwedzi mumwe chete kana kupfuura pakuberekwa kwaisvika zviuru zvinomwe, namazana mashanu.
23 Vedzimba dzavaGerishoni vaifanira kuvaka misasa nechokumavirira, shure kwetabhenakeri.
24 Mutungamiri wemhuri yavaGerishoni akanga ari Eriasafi mwanakomana waRaeri.
25 VaGerishoni ndivo vaifanira kuchengeta tabhenakeri netende, zvifukidzo zvaro, chidzitiro chapamukova wokuTende Rokusangana,
26 zvidzitiro zvaparuvazhe, chidzitiro chapamukova wokupinda paruvazhe runopoteredza tabhenakeri nearitari, uye netambo, nezvinhu zvose zvaishandiswapo.

27 Kuna Kohati ndiko kwaiva nedzimba dzavaAmiramu, vaIsraeri, vaHebhuroni navaIzhari; ava ndivo vakanga vari vedzimba dzavaKohati.
28 Kuwanda kwavanhu vose vaiva nomwedzi mumwe chete kana kupfuura pakuberekwa kwaisvika zviuru zvisere namazana matanhatu.
VaKohati ndivo vaiva nebasa rokuchengeta nzvimbo tsvene.
29 VaKohati vaifanira kudzika matende avo nechezasi kwetabhenakeri.
30 Mutungamiri wemhuri yedzimba dzavaKohati akanga ari Erizafani mwanakomana waUzieri.

31 Ndivo vaiva nebasa rokuchengeta areka, tafura, chigadziko chomwenje, aritari, midziyo yomunzvimbo tsvene yaishandiswa pakushumira, chidzitiro, nezvose zvaidiwa pakuzvishandisa.
32 Mutungamiri mukuru wavaRevhi akanga ari Ereazari mwanakomana waAroni, muprista. Ndiye akagadzwa kuti ave pamusoro paavo vaiva nebasa rokuchengeta nzvimbo tsvene.

33 Kuna Merari ndiko kwaiva nedzimba dzavaMari navaMushi; ava ndivo vakanga vari vedzimba dzavaMerari.
34 Kuwanda kwavanhurume vose vaiva nomwedzi mumwe chete, kana kupfuura, pakuberekwa avo vakaverengwa, vakanga vachisvika zviuru zvitanhatu, namazana maviri.
35 Mutungamiri wemhuri yedzimba dzavaMerari akanga ari Zurieri mwanakomana waAbhihairi; uye ndivo vaifanira kuvaka misasa yavo nechokumusoro kwetabhenakeri.
36 VaMerari vakanga vagadzwa kuti vave vachengeti vamatende etab-
henakeri, mbariro dzayo, mbiru, hwaro, nhumbi dzayo dzose, nezv-
inhu zvose zvaishandiswa pamwe chete nazvo, 37 pamwe chete nem-
biru dzinopoteredza ruvazhe nehwaro hwadzo, mbambo dzetende
netambo dzadzo.

38 Mozisi naAroni navanakomana vake vaifanira kudzika misasa yavo nechokumabvazuva kwetabhenakeri, kwakatarisana nokumabudazuva, mberi kweTende Rokusangana.
Ndivo vaiva nebasa rokuchengeta nzvimbo tsvene vakamirira vaIsraeri.
Ani zvake mumwewo aiswedera panzvimbo tsvene aifanira kuurayiwa.

39 Kuwanda kwavaRevhi vakaverengwa pakurayira kwaJehovha kubudikidza naMozisi naAroni maererano nedzimba dzavo, zvichisanganisira vanhurume vose vaiva nomwedzi mumwe chete kana kupfuura pakuberekwa, kwaisvika zviuru makumi maviri nezviviri.

40 Jehovha akati kuna Mozisi, "Verenga matangwe ose avanhurume
avaIsraeri ano mwedzi mumwe chete kana kupfuura pakuberekwa
ugonyora mazita avo. 41 Unditorere vaRevhi pachinzvimbo chamatangwe
ose avaIsraeri, uye nezvipfuwo zvavaRevhi pachinzvimbo chezvibereko
zvokutanga zvose zvezvipfuwo zvavana vavaIsraeri. Ndini Jehovha."
42 Saka Mozisi akaverenga matangwe ose avaIsraeri, sezvaakarayirwa
naJehovha. 43 Kuwanda kwamatangwe avanhurume vaiva nomwedzi
mumwe kana kupfuura pakuberekwa vakanyorwa mazita avo, kwaisvika
zviuru makumi maviri nezviviri, namazana maviri namakumi manomwe
navatatu.
44 Jehovha akatizve kuna Mozisi, 45 "Tora vaRevhi pachinzvimbo
chamatangwe ose eIsraeri, uye zvipfuwo zvavaRevhi pachinzvimbo
chezvipfuwo zvavo. VaRevhi vanofanira kuva vangu. Ndini Jehovha.
46 Kuti udzikinure mazana maviri namakumi manomwe navatatu va-
matangwe avaIsraeri, 47 unofanira kutora mashekeri mashanu* kubva
kuno mumwe nomumwe wavo maererano namashekeri enzvimbo tsvene,
anorema magera makumi maviri. 48 Upe mari yokudzikinurwa kwavaIs-
raeri vanopfuura uwandu hunodiwa kuna Aroni navanakomana vake."

* **3:47** 3:47 magiramu angaita 55

49 Saka Mozisi akatora mari yedzikinuro kubva kuna vakanga vap-
fuurira uwandu hwavaya vakanga vadzikinurwa navaRevhi. 50 Kubva
kumatangwe eIsraeri akatora sirivha yairema chiuru chimwe, namazana
matatu namakumi matanhatu namashanu amashekeri†, maererano
neshekeri renzvimbo tsvene. 51 Mozisi akapa mari yedzikinuro kuna Aroni
navanakomana vake, sezvaakanga arayirwa neshoko raJehovha.

# 4

*VaKohati*

1 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni: 2 "Verenga vaKohati ivo bazi
ravaRevhi nedzimba dzavo nemhuri dzavo. 3 Uverenge varume vose
kubvira pane vane makore makumi matatu kusvikira pane vane makore
makumi mashanu vanouya kuzoshanda basa romuTende Rokusangana.
4 "Iri ndiro basa ravaKohati muTende Rokusangana: kuchengetedza
zvinhu zvitsvene-tsvene. 5 Kana ungano yosimuka Aroni navanako-
mana vake vanofanira kupinda vagobvisa chidzitiro vagofukidza areka
yeChipupuriro nacho. 6 Ipapo vanofanira kuchifukidza namatehwe
emhou dzomugungwa, vagowarira mucheka webhuruu pamusoro pacho
uye vagoisa matanda panzvimbo yawo.
7 "Pamusoro petafura yoKuvapo, vanofanira kuwarira mucheka web-
huruu vagoisa pamusoro pawo ndiro, madhishi uye mbiya, nemikombe
yezvipiriso zvinonwiwa; chingwa chamazuva ose chinofanira kuramba
chiri pamusoro payo. 8 Pamusoro pezvinhu izvi, vanofanira kuwarira
mucheka mutsvuku, vagoifukidza namatehwe emhou dzomugungwa,
vagoisa matanda acho panzvimbo yawo.
9 "Vanofanira kutora mucheka webhuruu vagofukidza chigadziko
chomwenje wokuvhenekesa, pamwe chete nemwenje yacho netambo
netireya dzacho nemidziyo yacho yose yamafuta anoshandiswa paku-
vhenekesa. 10 Ipapo vanofanira kuchiputira pamwe chete nezvimwe
zvacho muchifukidzo chamatehwe emhou dzomugungwa vagochiisa pa-
matanda okutakurisa nawo.
11 "Pamusoro pearitari yegoridhe, vanofanira kuwarira mucheka
webhuruu vagoufukidza namatehwe emhou dzomugungwa vagopinza
matanda panzvimbo yawo.
12 "Vanofanira kutora midziyo yose inoshandiswa pakushumira mun-
zvimbo tsvene, vagoiputira mumucheka webhuruu, vagofukidza izvozvo
namatehwe emhou dzegungwa uye vagozviisa pamatanda okutakurisa
nawo.
13 "Vanofanira kubvisa madota paaritari yendarira vagowarira mucheka
wepepuru pamusoro payo. 14 Ipapo vanofanira kuisa pamusoro payo
midziyo yose inoshandiswa pakushumira paaritari kusanganisira na-
makango, forogo dzenyama, foshoro nembiya dzokusasa. Vanofanira
kuwarira chifukidzo chamatehwe emhou dzegungwa pamusoro payo,
vagopinza matanda ayo panzvimbo yawo.
15 "Mushure mokunge Aroni navanakomana vake vapedza kufukidza
midziyo yose mitsvene, uye kana vava kusimuka, vaKohati ndivo
vanofanira kuuya kuzotakura. Asi havafaniri kubata zvinhu zvitsvene,
kuti varege kufa. VaKohati ndivo vanofanira kutakura zvinhu zviri
muTende Rokusangana.

† **3:50** 3:50 makirogiramu angaita 15.5

16 "Ereazari mwanakomana waAroni, muprista, anofanira kuva mu-
tariri wamafuta emwenje, zvinonhuhwira, chipiriso chezviyo chamazuva
ose uye namafuta okuzodza. Anofanira kuva mutariri wetabhenakeri yose
nezvinhu zvose zviri mairi, kusanganisira nemidziyo yayo mitsvene."
17 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 18 "Uone kuti rudzi rwavaKohati
haruna kuparadzwa kubva pakati pavaRevhi. 19 Kuti vararame uye varege
kufa pavanoswedera pedyo nezvinhu zvitsvene, uvaitire izvi: Aroni
navanakomana vake vanofanira kupinda munzvimbo tsvene vagorayira
murume mumwe nomumwe basa rake nezvaanofanira kuita. 20 Asi vaKo-
hati havafaniri kupinda kundotarisa zvinhu zvitsvene, kana kwechinguva,
kuti varege kufa."

*VaGerishoni*

21 Jehovha akati kuna Mozisi, 22 "Verengawo vaGerishoni nemhuri dzavo
uye nedzimba dzavo. 23 Uverenge varume vose kubvira pane vane makore
makumi matatu kusvikira pane vane makore makumi mashanu vanouya
kuzoshanda basa romuTende Rokusangana.
24 "Ndiro basa redzimba dzavaGerishoni pavanoshanda vachitakura
mitoro. 25 Vanofanira kutakura zvidzitiro zvetabhenakeri, Tende Roku-
sangana, zvifukidzo zvaro uye zvifukidzo zvokunze zvamatehwe emhou
dzegungwa, zvidzitiro zvapamukova wokupinda kuTende Rokusangana,
26 zvidzitiro zvaparuvazhe runopoteredza tabhenakeri nearitari, chidz-
itiro chapamukova, tambo nemidziyo yose inoshandiswa pakushumira.
VaGerishoni vanofanira kuita zvose zvinofanira kuitwa pakushandisa
zvinhu izvi. 27 Mabasa avo ose kungava kutakura kana kuita rimwe
basa, zvinofanira kuitwa nokurayira kwaAroni navanakomana vake.
Muchavatuma sebasa ravo zvose zvavanofanira kutakura. 28 Ndiro basa
redzimba dzavaGerishoni paTende Rokusangana. Vanofanira kurayirwa
pamabasa avo naItamari mwanakomana waAroni muprista.

*VaMerari*

29 "Verenga vaMerari nedzimba dzavo nemhuri dzavo. 30 Verenga
varume vose kubvira pane vane makore makumi matatu kusvikira pane
vane makore makumi mashanu vanouya kuzoshanda basa muTende
Rokusangana. 31 Iri ndiro basa ravo pavanoshanda paTende Rokusan-
gana: kutakura matanda etabhenakeri, mbariro dzayo, mbiru nehwaro,
32 pamwe chete nembiru dzinopoteredza ruvazhe nehwaro hwadzo,
mbambo dzetende, tambo, midziyo yavo yose uye nezvose zvinoshan-
diswa pamwe chete nazvo. Govera murume mumwe nomumwe zvinhu
zvaanofanira kutakura. 33 Uhu ndihwo ushumiri hwedzimba dzavaMerari
pakushanda kwavo paTende Rokusangana vachitungamirirwa naItamari
mwanakomana waAroni, muprista."

*Kuverengwa kwedzimba dzavaRevhi*

34 Mozisi, Aroni navatungamiri veungano vakaverenga vaKohati nedz-
imba dzavo uye nemhuri dzavo.
35 Varume vose kubvira pane vane makore makumi matatu kusvikira
pane vane makore makumi mashanu vakauya kuzoshanda basa ro-
muTende Rokusangana, 36 vachiverengwa nedzimba dzavo, vaisvika
zviuru zviviri, namazana manomwe namakumi mashanu. 37 Uku
ndiko kwaiva kuwanda kwavose vedzimba dzavaKohati vaishanda
muTende Rokusangana. Mozisi naAroni vakavaverenga maererano
nokurayira kwaJehovha kubudikidza naMozisi.

38 VaGerishoni vakaverengwa nedzimba dzavo nemhuri dzavo.
39 Varume vose kubvira pane vane makore makumi matatu kusvikira
pane vane makore makumi mashanu, vakauya kuzoshanda pabasa
romuTende Rokusangana, 40 vachiverengwa nedzimba dzavo
nemhuri dzavo, vaisvika zviuru zviviri, namazana matanhatu na-
makumi matatu. 41 Ndiko kwakanga kuri kuwanda kwaavo vakanga
vari vedzimba dzavaGerishoni vaishanda muTende Rokusangana.
Mozisi naAroni vakavaverenga maererano nokurayira kwaJehovha.

42 VaMerari vakaverengwa nedzimba dzavo uye nemhuri dzavo.
43 Varume vose kubvira pane vane makore makumi matatu kusvikira
pane vane makore makumi mashanu vakauya kuzoshanda basa
muTende Rokusangana, 44 vachiverengwa nedzimba dzavo, vaisvika
zviuru zvitatu, namazana maviri. 45 Uku ndiko kwakanga kuri
kuwanda kwaavo vaiva mudzimba dzavaMerari. Mozisi naAroni
vakavaverenga maererano nokurayira kwaJehovha kubudikidza
naMozisi.

46 Saka Mozisi, Aroni navatungamiri veIsraeri vakaverenga
vaRevhi vose nedzimba dzavo uye nemhuri dzavo. 47 Varume
vose kubvira pane vane makore makumi matatu kusvikira pane
vane makore makumi mashanu vakauya kuzoshanda basa uye
vachitakura Tende Rokusangana, 48 vakasvika zviuru zvisere,
mazana mashanu namakumi masere. 49 Mumwe nomumwe ak-
agoverwa basa rake akaudzwa zvokuita sokurayira kwaJehovha
kubudikidza naMozisi.

Saizvozvo vakaverengwa, sokurayirwa kwakaitwa Mozisi naJehovha.

# 5

*Kunatswa kwoMusasa*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Rayira vaIsraeri kuti vabudise mumusasa
ani zvake ane chirwere cheganda romuviri kana kuerera kupi zvako, kana
akasvibiswa nokuda kwechitunha. 3 Uvabudise vose varume navakadzi
zvimwe chetezvo; uvabudise kunze kwomusasa kuitira kuti varege
kusvibisa musasa wavo, wandigere pakati pavo." 4 VaIsraeri vakaita
saizvozvo, vakavabudisa kunze kwomusasa. Vakaita sezvakarayirwa
Mozisi naJehovha.

*Kuripira zvinenge zvakanganiswa*

5 Jehovha akati kuna Mozisi, 6 "Uti kuvaIsraeri: 'Kana murume kana
mukadzi akakanganisira mumwe nenzira ipi zvayo uye saizvozvo akasava
akatendeka kuna Jehovha, munhu uyo ane mhosva, 7 uye anofanira
kureurura chivi chaakaita. Anofanira kuripira zvizere mhosva yake,
achiwedzera chikamu chimwe chete muzvishanu chayo agozvipa zvose
kumunhu waakatadzira. 8 Asi kana munhu uyo asina hama yepedyo uyo
angapiwa zviri kuripirwa mhosva, muripo uyu ndowaJehovha uye uno-
fanira kupiwa kumuprista, pamwe chete negondobwe rokumuyananisira.
9 Zvinotsaurwa zvose zvinopiwa navaIsraeri kumuprista zvichava zvake.
10 Zvipo zvakatsaurwa zvomunhu mumwe nomumwe ndezvake iye
pachake, asi zvaanopa kumuprista zvichava zvomuprista.' "

*Kuongororwa kwomukadzi asina kutendeka*

11 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 12 “Taura kuvaIsraeri uti kwavari:
‘Kana mukadzi womunhu akatsauka, akasava akatendeka kwaari,
13 akavata nomumwe murume, uye izvi zvikavanzwa kumurume wake
uye kusvibiswa kwake kusati kwabatwa (sezvo pasina chapupu pamusoro
pake uye asati abatwa achiita izvozvo), 14 uye murume wake akava
neshanje mukati make uye akafungira mukadzi wake, uye iye mukadzi
achinge akasvibiswa, kana dai akava neshanje uye achimufungira kun-
yange zvake iye asina kusvibiswa, 15 ipapo anofanira kutora mukadzi wake
agoenda naye kumuprista. Anofanira kuendawo nechipiriso chechegumi
cheefa* youpfu hwebhari pachinzvimbo chake. Haafaniri kudira mafuta
pamusoro pacho kana zvinonhuhwira pachiri, nokuti chipiriso chezviyo
cheshanje, chipiriso chechiyeuchidzo chokurangaridza mhosva.

16 “ ‘Muprista achamuuyisa agoita kuti amire pamberi paJehovha.
17 Ipapo anofanira kutora mvura tsvene mumudziyo wevhu agoisa guruva
rinobva pauriri hwetabhenakeri mumvura. 18 Shure kwokunge muprista
amisa mukadzi uyu pamberi paJehovha, achasunungura vhudzi rake ago-
isa mumaoko ake chipiriso chokuyeuchidza, chipiriso chezviyo cheshanje,
muprista pachake akabata mvura inovava inouyisa chituko. 19 Ipapo
muprista anofanira kuita kuti mukadzi uyu apike uye agoti kwaari,
“Kana kusina mumwe murume akavata newe uye usina kumbotsauka
ukava wakasvibiswa panguva yokuwanikwa kwako nomurume wako,
mvura inovava iyi, iyo inouyisa kutukwa, ngairege kukukuvadza. 20 Asi
kana wakatsauka iwe wakawanikwa nomurume wako uye ukazvisvibisa
nokuvata nomumwe murume pachinzvimbo chomurume wako,” 21 ipapo
muprista anofanira kuisa mukadzi uyu pachituko ichi chemhiko achiti,
“Jehovha ngaaite kuti vanhu vako vakutuke uye vakurambe paanoita kuti
chidya chako chionde uye kuti dumbu rako rizvimbe. 22 Mvura iyi inouyisa
kutuka ngaipinde mumuviri wako kuitira kuti dumbu rako rizvimbe uye
chidya chako chionde.”

“ ‘Ipapo mukadzi anofanira kuti, “Ameni. Ngazviite saizvozvo.”

23 “ ‘Muprista anofanira kunyora zvituko izvi papepa ipapo agozvisuka
mumvura inovava. 24 Anofanira kunwisa mukadzi uyu mvura inovava,
inouyisa kutukwa, uye mvura iyi ichapinda maari igouyisa kutam-
budzika nokuvaviwa. 25 Muprista anofanira kutora kubva mumaoko
omukadzi chipiriso chezviyo cheshanje, agochininira pamberi paJehovha
nokuchiuyisa kuaritari. 26 Ipapo muprista anofanira kutora tsama
yechipiriso chezviyo sechipiriso chokurangaridza agochipisa paaritari;
shure kwaizvozvo, anofanira kunwisa mukadzi uyu mvura. 27 Kana
akazvisvibisa uye anga asina kutendeka kumurume wake, ipapo kana
zvaitwa kuti anwe mvura inouyisa kutukwa, ichapinda maari igoita
kuti arwadziwe zvikuru; dumbu rake richazvimba uye chidya chake
chichaonda, uye achava akatukwa pakati pavanhu vokwake. 28 Kunyange
zvakadaro hazvo, kana mukadzi uyo asina kuzvisvibisa uye akachena
achasunungurwa pamhosva iyo uye achagona kubereka vana.

29 “ ‘Uyu, zvino ndiwo murayiro weshanje kana mukadzi atsauka,
akazvisvibisa iye ari mukadzi womunhu, 30 uye kana murume akava
neshanje nokuda kwokufungira mukadzi wake. Muprista anofanira
kumumisa pamberi paJehovha agotevedza murayiro uyu wose kwaari.

* **5:15** 5:15 marita angaita 2

31 Murume achange asina mhosva pakukanganisa kupi zvako, asi mukadzi
achava nemhosva yechivi chake.' "

# 6

*MuNaziri*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari: 'Kana
murume kana mukadzi akada kuita mhiko yakasarudzika, iyo mhiko
yokuzvitsaurira kuna Jehovha somuNaziri, 3 anofanira kusanwa waini
nezvimwe zvinodhaka uye haafaniri kunwa vhiniga yakaitwa newaini
kana nezvimwe zvinonwiwa zvinodhaka. Haafaniri kunwa muto wa-
mazambiringa, kana kudya mazambiringa, kana akaomeswa. 4 Panguva
yose youNaziri hwake, haafaniri kudya chinhu chipi zvacho chinobva
pamuti womuzambiringa, dzingava mhodzi kana mateko zvawo.

5 " 'Mazuva ose okupika kwake kwokuzvitsaura hapana chisvo
chichashandiswa kuveura musoro wake. Anofanira kuva mutsvene
kusvikira nguva yokutsaurirwa kwake kuna Jehovha yapera; anofanira
kurega bvudzi romusoro wake rirebe. 6 Haafaniri kuswedera pachitunha
mazuva ose aakazvitsaurira kuna Jehovha. 7 Kunyange kana baba vake
chaivo, kana mai vake, kana munun'una kana hanzvadzi vafa, haafaniri
kuzvisvibisa nokuda kwavo, nokuti chiratidzo chokuzvitsaurira kuna
Mwari chiri pamusoro wake. 8 Mutsvene kuna Jehovha pamazuva ake
ose aakazvitsaura.

9 " 'Kana mumwe munhu akafa pakarepo iye ari ipapo, nokudaro
akasvibisa bvudzi raakakumikidza, anofanira kuveura musoro wake
nezuva rokunatswa kwake, iro zuva rechinomwe. 10 Ipapo nezuva
rorusere anofanira kuuya nenjiva mbiri kana twana tuviri twen-
jiva kumuprista ari pamusuo weTende Rokusangana. 11 Muprista
anofanira kupa imwe yacho sechipiriso chechivi uye imwe yacho
sechipiriso chinopiswa kuti amuyananisire nokuti iye akatadza paakava
pedyo nechitunha. Anofanira kunatsa musoro wake nezuva iroro.
12 Anofanira kuzvikumikidza kuna Jehovha panguva yokuzvitsaura
kwake uye anofanira kuuya nomukono wegwayana regore rimwe chete
sechipiriso chemhosva.

13 " 'Zvino uyu ndiwo murayiro womuNaziri panopera nguva yokuzvit-
saura kwake. Anofanira kuuyiswa kumusuo weTende Rokusangana.
14 Anofanira kupa kuna Jehovha chipiriso chake ipapo: mukono wegore
rimwe chete wegwayana risina charingapomerwa kuti rive chipiriso
chinopiswa, sheshe yegwayana regore rimwe chete isina kuremara kuti
chive chipiriso chokuwadzana, 15 pamwe chete nechipiriso chezviyo
nechipiriso chokunwa, uye dengu rechingwa chisina mbiriso, keke
rakaitwa noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta, nezv-
ingwa zvitete zvakazorwa mafuta.

16 " 'Muprista anofanira kuuya nazvo pamberi paJehovha agoita
chipiriso chechivi nechipiriso chinopiswa. 17 Anofanira kuuyisa
dengu rechingwa chisina mbiriso uye agobayira gondobwe sechipiriso
chokuwadzana kuna Jehovha, pamwe chete nechipiriso chezviyo
nechipiriso chinonwiwa.

18 " 'Zvino pamusuo weTende Rokusangana, muNaziri anofanira ku-
veura bvudzi riya raakakumikidza. Anofanira kutora bvudzi iro agoriisa
mumoto uri pasi pechibayiro chokuwadzana.

19 “ ‘Shure kwokunge muNaziri aveura bvudzi rokuzvikumikidza kwake,
muprista anofanira kuisa mumaoko ake bandauko rakabikwa regondo-
bwe, uye keke nechingwa chitete kubva mudengu, zvose zvakabikwa
zvisina mbiriso. 20 Ipapo muprista achazvininira pamberi paJehovha
sechipiriso chokuninira; izvi zvitsvene uye ndezvomuprista, pamwe
chete nechipfuva chakaninirwa uye chidya chakakumikidzwa. Shure
kwaizvozvo, muNaziri anganwa hake waini.
21 “ ‘Uyu ndiwo murayiro womuNaziri anenge apikira chipiriso kuna
Jehovha maererano nokuzvitsaura kwake pamusoro pezvimwe zvose
zvaanenge achigona kupa. Anofanira kuzadzisa mhiko yaakaita, zviri
maererano nomurayiro womuNaziri.’ ”

*Kuropafadza kwoMuprista*

22 Jehovha akati kuna Mozisi, 23 “Udza Aroni navanakomana vake uti,
‘Munofanira kuropafadza vaIsraeri nomutoo uyu. Muti kwavari:
24 “ ‘Jehovha akuropafadzei
uye akuchengetei;
25 Jehovha ngaapenyese chiso chake pamusoro penyu
uye akunzwirei tsitsi;
26 Jehovha ngaarinzire chiso chake kwamuri
uye akupei rugare.’ ”
27 “Saka vachaisa zita rangu pamusoro pavaIsraeri, uye
ndichavaropafadza.”

# 7

*Zvipiriso zvokukumikidzwa kweTabhenakeri*

1 Mozisi akati apedza kumisa tabhenakeri, akaizodza akaitsaura pamwe
chete nemidziyo yayo yose. Akazodzawo nokutsaura aritari nemidziyo
yayo yose. 2 Ipapo vatungamiri veIsraeri, vakuru vedzimba avo vakanga
vari vatungamiri vamarudzi vari vatariri vavaya vakanga vaverengwa,
vakapa zvipiriso. 3 Vakauyisa sezvipiriso zvavo pamberi paJehovha, ngoro
nhanhatu dzakafukidzirwa nenzombe gumi nembiri, nzombe kubva
kumutungamiri mumwe nomumwe uye ngoro kubva kuvaviri vaviri. Izvi
zvakaiswa pamberi petabhenakeri.
4 Jehovha akati kuna Mozisi, 5 “Gamuchira izvi kubva kwavari kuti
zvigoshandiswa mubasa paTende Rokusangana. Uzvipe kuvaRevhi maer-
erano nebasa romunhu mumwe nomumwe.”
6 Saka Mozisi akatora ngoro nenzombe akazvipa kuvaRevhi. 7 Akapa
kuvaGerishoni ngoro mbiri nenzombe ina, maererano nezvaidiwa pabasa
ravo, 8 uye akapa ngoro ina nenzombe tsere kuvaMerari, maererano
nezvaidiwa pabasa ravo. Vose vakanga vachirayirwa naItamari mwanako-
mana waAroni, muprista. 9 Asi Mozisi haana kupa chinhu kuvanakomana
vaKohati, nokuti vaifanira kutakura zvinhu zvitsvene pamapfudzi avo, iri
ndiro raiva basa ravo.
10 Aritari yakati yazodzwa, vatungamiri vakauya nezvipiriso zvavo
zvokukumikidzwa kwayo vakazviisa pamberi pearitari. 11 Nokuti Jehovha
akanga ati kuna Mozisi, “Zuva rimwe nerimwe, mutungamiri mumwe
chete anofanira kuuya nechipiriso chake chokukumikidza aritari.”

12 Nashoni mwanakomana waAminadhabhi worudzi rwaJudha,
ndiye akauya nechipiriso chake pazuva rokutanga.

13 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu*, uye mbiya imwe chete yokusasa yesirivha yairema mashekeri makumi manomwe†, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, rimwe nerimwe rizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo;
14 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi‡, rizere nezvinonhuhwira;
15 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete negwayana rimwe chete romukono wegore rimwe chete, zvechipiriso chinopiswa;
16 nhongo imwe chete yembudzi yechipiriso chechivi;
17 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chaiva chipiriso chaNashoni mwanakomana waAminadhabhi.

18 Pazuva rechipiri, Netaneri mwanakomana waZuari, mutungamiri waIsakari, akauya nechipiriso chake.
19 Chipiriso chaakauya nacho chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, uye mbiya imwe chete yokusasa yesirivha yairema makumi manomwe amashekeri, zvose zviri zviviri zvaiva zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo, maererano neshekeri renzvimbo tsvene;
20 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;
21 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete nomukono wegwayana regore rimwe chete, zvechipiriso chinopiswa;
22 nhongo imwe chete yembudzi yechipiriso chechivi;
23 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chaiva chipiriso chaNetaneri mwanakomana waZuari.

24 Pazuva rechitatu, Eriabhi mwanakomana waHeroni, mutungamiri wavanhu vokwaZebhuruni, akauya nechipiriso chake.
25 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, uye mbiya imwe chete yokusasa yesirivha yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chechivi;
26 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;
27 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete nomukono wegwayana regore rimwe chete zvechipiriso chinopiswa;
28 nhongo imwe chete yembudzi yechipiriso chechivi;

* **7:13** 7:13 zvichienda mberi muchitsauku chino, makirogiramu angaita 1.5 † **7:13** 7:13 zvichienda mberi muchitsauku chino, 0.8 yekirogiramu ‡ **7:14** 7:14 zvichienda mberi muchitsauku chino, magiramu angaita 115

29 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chaiva chipiriso chaEriabhi mwanakomana waHeroni.

30 Pazuva rechina, Erizuri mwanakomana waShedheuri, mutungamiri wavanhu vokwaRubheni, akauya nechipiriso chake.
31 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, nembiya imwe chete yokusasa yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo;
32 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;
33 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete nomukono mumwe chete wegwayana regore rimwe chete zvechipiriso chinopiswa;
34 nhongo yembudzi imwe chete yechipiriso chechivi;
35 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chaiva chipiriso chaErizuri mwanakomana waShedheuri.

36 Pazuva rechishanu, Sherumieri mwanakomana waZurishadhai, mutungamiri wavanhu vokwaSimeoni akauya nechipiriso chake.
37 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yakanga ichirema mashekeri zana namakumi matatu, nembiya yesirivha yokusasa imwe chete yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo;
38 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;
39 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete uye mukono wegwayana mumwe chete wegore rimwe chete zvechipiriso chinopiswa;
40 nhongo imwe chete yechipiriso chechivi;
41 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chaiva chipiriso chaSherumieri mwanakomana waZurishadhai.

42 Pazuva rechitanhatu, Eriasafi mwanakomana waDheueri, mutungamiri wavanhu vokwaGadhi, akauya nechipiriso chake.
43 Chipiriso chake chakanga chiri ndiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, nembiya yesirivha yokusasa yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo;

44 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;
45 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete uye mukono mumwe chete wegwayana regore rimwe chete, zvechipiriso chinopiswa;
46 nhongo imwe chete yembudzi yechipiriso chechivi;
47 nenzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chakanga chiri chipiriso chaEriasafi mwanakomana waDheueri.

48 Pazuva rechinomwe, Erishama mwanakomana waAmihudhi, mutungamiri wavanhu vokwaEfuremu, akauya nechipiriso chake.
49 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, uye mbiya yesirivha yokusasa imwe chete yairema mashekeri makumi manomwe zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo,
50 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;
51 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete uye mukono wegwayana wegore rimwe chete, kuti zvive chipiriso chinopiswa;
52 nhongo yembudzi imwe chete yechipiriso chechivi;
53 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chakanga chiri chipiriso chaErishama mwanakomana waAmihudhi.

54 Pazuva rorusere Gamarieri mwanakomana waPedhazuri, mutungamiri wavanhu vokwaManase akauya nechipiriso chake.
55 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, nembiya yesirivha yokusasa imwe chete yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo;
56 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;
57 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete uye mukono mumwe chete wegwayana regore rimwe chete, sechipiriso chinopiswa;
58 nhongo yembudzi imwe chete yechipiriso chechivi;
59 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu uye makwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chakanga chiri chipiriso chaGamarieri mwanakomana waPedhazuri.

60 Pazuva repfumbamwe, Abhidhani mwanakomana waGidheoni

mutungamiri wavanhu vokwaBhenjamini, akauya nechipiriso chake.

61 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, uye nembiya yesirivha yokusasa yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo.

62 Ndiro yegoridhe imwe chete yairema mashekeri gumi, izere nezvinonhuhwira;

63 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete uye mukono mumwe chete wegwayana regore rimwe chete, sechipiriso chinopiswa;

64 nhongo yembudzi imwe chete yechipiriso chechivi;

65 uye nzombe mbiri makondobwe mashanu, nhongo dzembudzi shanu namakwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chakanga chiri chipiriso chaAbhidhani mwanakomana waGidheoni.

66 Pazuva regumi, Ahiezeri mwanakomana waAmishadhai, mutungamiri wavanhu vokwaDhani, akauya nechipiriso.

67 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, nembiya yesirivha yokusasa imwe chete yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviri zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo;

68 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi rizere nezvinonhuhwira;

69 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete nomukono mumwe chete wegwayana wegore rimwe chete, sechipiriso chinopiswa;

70 nhongo yembudzi imwe chete yechipiriso chechivi;

71 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzembudzi namakwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.

Ichi ndicho chakanga chiri chipiriso chaAhiezeri mwanakomana waAmishadhai.

72 Pazuva regumi nerimwe, Pagieri mwanakomana waOkirani, mutungamiri wavanhu vokwaAsheri, akauya nechipiriso chake.

73 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro imwe chete yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu, nembiya yesirivha yokusasa imwe chete yairema mashekeri makumi manomwe, zvose zviri zviviri maererano neshekeri renzvimbo tsvene, zvose zviviri zvakanga zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta sechipiriso chezviyo;

74 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere nezvinonhuhwira;

75 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete nomukono wegwayana wegore rimwe chete, kuti zvive chipiriso chinopiswa;

76 nhongo yembudzi imwe chete yechipiriso chechivi;

77 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzem-
budzi namakwayana makono mashanu egore rimwe chete, kuti
zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.
Ichi ndicho chakanga chiri chipiriso chaPagieri mwanakomana
waOkirani.

78 Pazuva regumi namaviri, Ahira mwanakomana waEnani, mu-
tungamiri wavanhu vokwaNafutari, akauya nechipiriso chake.
79 Chipiriso chake chakanga chiri chendiro imwe chete yesirivha
yairema mashekeri zana namakumi matatu, nembiya yesirivha
yokusasa imwe chete yairema mashekeri makumi manomwe zvose
zviri zviviri zvizere noupfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa na-
mafuta sechipiriso chezviyo;
80 dhishi rimwe chete regoridhe rairema mashekeri gumi, rizere
nezvinonhuhwira;
81 hando duku imwe chete, gondobwe rimwe chete uye nomukono
wegwayana wegore rimwe chete, kuti zvive chipiriso chinopiswa;
82 nhongo yembudzi imwe chete yechipiriso chechivi;
83 uye nzombe mbiri, makondobwe mashanu, nhongo shanu dzem-
budzi namakwayana makono mashanu egore rimwe chete kuti
zvizobayirwa sechipiriso chokuwadzana.
Ichi ndicho chakanga chiri chipiriso chaAhira mwanakomana
waEnani.

84 Izvi ndizvo zvakanga zviri zvipiriso zvavatungamiri veIsraeri pakuku-
mikidzwa kwearitari payakazodzwa;
ndiro dzesirivha gumi nembiri, mbiya dzesirivha dzokusasa gumi
nembiri namadhishi egoridhe gumi namaviri. 85 Ndiro imwe
neimwe yesirivha yairema mashekeri zana namakumi matatu
uye mbiya imwe neimwe yokusasa yairema mashekeri makumi
manomwe. Pamwe chete madhishi esirivha airema zviuru zviviri
namazana mana amashekeri§, maererano neshekeri renzvimbo
tsvene. 86 Madhishi egoridhe gumi namaviri akanga azere nezvi-
nonhuhwira airema mashekeri zana namakumi maviri*.
87 Uwandu hwezvipfuwo zvechipiriso chinopiswa pamwe chete hwaiti
hando duku gumi nembiri, makondobwe gumi namaviri namakon-
dobwe maduku egore rimwe chete gumi namaviri, pamwe chete
nechipiriso chadzo chezviyo. Nhongo dzembudzi gumi nembiri
dzakashandiswa pachipiriso chechivi.
88 Uwandu hwezvipfuwo zvechibayiro chokuwadzana pamwe chete
hwaiti nzombe makumi maviri neina, makondobwe makumi matan-
hatu, nhongo dzembudzi makumi matanhatu namakondobwe
maduku egore rimwe chete makumi matanhatu.

Izvi ndizvo zvakanga zviri zvipiriso zvokukumikidzwa kwearitari
shure kwokuzodzwa kwayo.

89 Mozisi akati apinda muTende Rokusangana kundotaura naJehovha,
akanzwa inzwi richitaura naye richibva napakati pamakerubhi maviri
pamusoro pechifukidzo cheareka yeChipupuriro. Uye akataura naye.

§ **7:85** 7:85 makirogiramu angaita 28 * **7:86** 7:86 makirogiramu angaita 1.4

# 8

*Mwenje inotungidzwa*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 “Taura naAroni uti kwaari, ‘Kana
uchimisa mwenje minonwe, inofanira kuvhenekera nzvimbo iri mberi
kwechigadziko chomwenje.’ ”
3 Aroni akaita saizvozvo; akamisa mwenje yakatarisa mberi kuchi-
gadziko chomwenje, sezvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha. 4 Aya
ndiwo magadzirirwo akanga akaitwa chigadziko chomwenje: Chakanga
chakaitwa negoridhe rakapambadzirwa kubva pahwaro hwacho kusvikira
pamaruva acho. Chigadziko chomwenje chakanga chakagadzirwa
zvakanyatsofanana nomufananidzo wakanga waratidzwa Mozisi naJe-
hovha.

*Kutsaurwa kwavaRevhi*

5 Jehovha akati kuna Mozisi: 6 “Bvisa vaRevhi pakati pavamwe vaIsraeri
ugovanatsa. 7 Pakuvanatsa, unofanira kuita izvi: Sasa pamusoro pavo
mvura yokuvachenesa; ipapo ugoita kuti vaveure miviri yavo yose
vagosuka nguo dzavo, kuitira kuti vazvinatse. 8 Uite kuti vatore hando
duku nechipiriso chayo chezviyo choupfu hwakatsetseka hwakavhen-
ganiswa namafuta, ipapo munofanira kutorazve imwe hando duku
yechipiriso chechivi. 9 Uuye navaRevhi mberi kweTende Rokusangana
ugounganidza ungano yose yavaIsraeri. 10 Unofanira kuuya navaRevhi
pamberi paJehovha, uye vaIsraeri vanofanira kuisa maoko avo pamusoro
pavo. 11 Aroni anofanira kuisa vaRevhi pamberi paJehovha sechipiriso
chokuninira chinobva kuvaIsraeri, kuitira kuti vagadzirire kuita basa
raJehovha.
12 “Mushure mokunge vaRevhi vaisa maoko avo pamisoro yehando,
ushandise imwe yacho sechipiriso chechivi kuna Jehovha uye imwe yacho
sechipiriso chinopiswa, kuti uyananisire vaRevhi. 13 Uite kuti vaRevhi
vamire pamberi paAroni navanakomana vake ipapo ugovakumikidza
sechipiriso chokuninira kuna Jehovha. 14 Nenzira iyi unofanira kutsaura
vaRevhi pakati pavamwe vaIsraeri, uye vaRevhi vachava vangu.
15 “Mushure mokunge wanatsa vaRevhi nokuvakumikidza sechipiriso
chokuninira, vanofanira kuuya kuzoita basa ravo paTende Rokusangana.
16 Ivo ndivo vaIsraeri vachapiwa zvachose kwandiri. Ndakavatora kuti
vave vangu pachinzvimbo chamatangwe, vanakomana vokutanga vo-
mukadzi mumwe nomumwe womuIsraeri. 17 Chibereko chose chokutanga
chechikono muIsraeri, angava munhu kana chipfuwo, ndechangu. Pan-
dakauraya matangwe ose muIjipiti, ndakazvitsaurira ivo kwandiri. 18 Uye
ndakatora vaRevhi panzvimbo yavanakomana veIsraeri vamatangwe.
19 PavaIsraeri vose, ndakapa vaRevhi sezvipo kuna Aroni navanakomana
vake kuti vaite basa paTende Rokusangana vakamirira vaIsraeri uye
kuti vayananisire vaIsraeri kuti varege kuurayiwa nedenda pavanenge
vaswedera kunzvimbo tsvene.”
20 Mozisi, Aroni neungano yose yeIsraeri vakaitira vaRevhi sezvakanga
zvarayirwa Mozisi naJehovha. 21 VaRevhi vakazvinatsa vakasuka nguo
dzavo. Ipapo Aroni akavaisa pamberi paJehovha sechipiriso chokuninira
akavayananisira kuti vanatswe. 22 Shure kwaizvozvo, vaRevhi vakauya
kuzoshanda basa ravo paTende Rokusangana vachitungamirirwa naAroni
navanakomana vake. Vakaitira vaRevhi sezvakanga zvarayirwa Mozisi
naJehovha.

23 Jehovha akati kuna Mozisi, 24 "Izvi ndizvo zvichaitwa navaRevhi:
Vamwe vana makore makumi maviri namashanu kana anopfuura
vachauya kuzoshanda basa paTende Rokusangana, 25 asi kana vasvika
makore makumi mashanu, vanofanira kuregedza basa ravo uye varege
kuzoshandazve. 26 Vangabatsira havo hama dzavo kuita mabasa apaTende
Rokusangana, asi ivo pachavo havafaniri kushanda basa. Zvino, izvi
ndizvo zvaunofanira kurayira vaRevhi kuti vaite."

# 9

### *Pasika*

1 Jehovha akataura kuna Mozisi murenje reSinai mumwedzi wokutanga
wegore rechipiri shure kwokubuda kwavo muIjipiti. Akati kwaari, 2 "Ita
kuti vaIsraeri vapemberere Pasika panguva yakatarwa. 3 Muipemberere
panguva yakatarwa, panguva yorubvunzavaeni pazuva regumi namana
romwedzi, maererano nemitemo yayo nemirayiro yayo yose."

4 Saka Mozisi akataurira vaIsraeri kuti vapemberere Pasika, 5 ivo vakaita
saizvozvo murenje reSinai panguva yorubvunzavaeni nezuva regumi
namana romwedzi wokutanga. VaIsraeri vakaita zvose sezvakanga
zvarayirwa Mozisi naJehovha.

6 Asi vamwe vavo havana kupemberera Pasika nomusi iwoyo nokuti
vakanga vasina kuchena nokuda kwechitunha. Saka vakauya kuna Mozisi
naAroni musi iwoyo uye, 7 vakati kuna Mozisi, "Isu tava vasina kuchena
nokuda kwechitunha, asi tinodzivisirweiko kuvigira Jehovha chipiriso
pamwe chete navamwe vaIsraeri panguva yakatarwa?"

8 Mozisi akavapindura akati, "Mirai kusvikira ndanzwa zvinorayirwa
naJehovha pamusoro penyu."

9 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 10 "Taurira vaIsraeri kuti: 'Mumwe
wenyu kana zvizvarwa zvenyu kana vasvibiswa nokuda kwechitunha uye
kana kuti vari parwendo, naivowo vangapemberera Pasika yaJehovha.
11 Vanofanira kuipemberera nezuva regumi namana romwedzi wechipiri
panguva dzorubvunzavaeni. Vanofanira kudya gwayana, pamwe chete
nechingwa chisina mbiriso nomuriwo unovava. 12 Havafaniri kusiya
chinhu kusvikira mangwanani kana kuvhuna mapfupa aro. Pavanopem-
berera Pasika, vanofanira kutevedza mitemo yose. 13 Asi kana munhu
akachena uye asiri parwendo akakundikana kupemberera Pasika, munhu
uyo anofanira kubviswa pakati pavanhu vokwake nokuti haana kuvigira
Jehovha chipiriso panguva yakatarwa. Munhu uyo achatakura zvivi zvake.

14 " 'Mutorwa agere pakati penyu anoda kupemberera Pasika yaJehovha
anofanira kuita izvozvo maererano nemitemo nemirayiro yayo. Muno-
fanira kuva nomutemo mumwe chete kumutorwa nokuna akaberekerwa
munyika.' "

### *Gore pamusoro peTabhenakeri*

15 Pazuva rakamiswa tabhenakeri, iyo Tende yeChipupuriro, gore
rakaifukidza. Kubva panguva dzamadekwana kusvikira mangwanani,
gore rakanga riri pamusoro petabhenakeri rakanga rakaita somoto.
16 Ndizvo zvarakaramba rakaita; gore rakaifukidza, uye usiku rairatidzika
somoto. 17 Gore raiti kana rasimudzwa kubva pamusoro peTende,
vaIsraeri vaifamba; pose paimira gore, vaIsraeri vaidzika musasa ipapo.
18 Pakurayira kwaJehovha, vaIsraeri vaifamba, uye pakurayira kwake,

vaibva vadzika musasa. [19] Gore paraimira pamusoro petabhenakeri,
ivo vairamba vakadzika musasa. [20] Dzimwe nguva gore raigara
pamusoro petabhenakeri kwamazuva mashomanana chete; vaidzika
musasa wavo sokurayira kwaJehovha uye pakurayira kwake, vaibva
vafamba. [21] Dzimwe nguva gore raingogara kubva panguva dzamadek-
wana kusvikira mangwanani, uye paraingosimuka mangwanani vaibva
vafamba. Paingosimuka gore, angava masikati kana usiku, vaibva
vafamba. [22] Kana gore rikagara pamusoro petabhenakeri kwamazuva
maviri kana mwedzi, kana gore rimwe chete, vaIsraeri vairamba vari
mumusasa uye vasingafambi; asi kana rikasimuka ivo vaibva vafamba.
[23] Sokurayira kwaJehovha, vaidzika musasa, uye sokurayira kwaJehovha,
vaifamba. Vakateerera kurayira kwaJehovha, maererano nokurayira
kwake kubudikidza naMozisi.

# 10

### *Hwamanda dzeSirivha*

[1] Jehovha akati kuna Mozisi, [2] "Ita hwamanda mbiri dzesirivha yaka-
pambadzirwa, ugodzishandisa kudana ungano pamwe chete uye kuti
mapoka afambe. [3] Dzikaridzwa dzose dziri mbiri, ungano yose inofanira
kuungana pamberi pako pamukova weTende Rokusangana. [4] Kana imwe
chete ikaridzwa, vatungamiri, vakuru vedzimba dzaIsraeri, vanofanira
kuungana pamberi pako. [5] Hwamanda yeyambiro painoridzwa marudzi
akavaka kumabvazuva anofanira kutanga kufamba. [6] Paunoridza hwa-
manda yechipiri, misasa yezasi inofanira kufamba. Kurira kwehwamanda
kuchava chiratidzo chokuti mufambe. [7] Kuti ungano iungane, muridze
hwamanda, asi kwete namaridziro mamwe chetewo.
[8] "Vanakomana vaAroni, vaprista ndivo vanofanira kuridza hwa-
manda. Uyu unofanira kuva mitemo usingaperi kwamuri nokuzvizvarwa
zvinotevera. [9] Kana muchindorwa munyika yenyu nomuvengi anoku-
manikidzai, muridze hwamanda. Ipapo mucharangarirwa naJehovha
Mwari wenyu uye muchanunurwa kubva kuvavengi venyu. [10] Uyezve,
panguva dzenyu dzokufara, pamitambo yenyu yakatarwa uye nemita-
mbo yoKugara kwoMwedzi, munofanira kuridza hwamanda pamusoro
pezvipiriso zvenyu zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana, uye zvichava
chirangaridzo kwamuri pamberi paMwari wenyu. Ndini Jehovha Mwari
wenyu."

### *VaIsraeri vanobva paSinai*

[11] Pazuva ramakumi maviri romwedzi wechipiri, wegore rechipiri, gore
rakasimuka kubva pamusoro petabhenakeri yeChipupuriro. [12] Ipapo
vaIsraeri vakasimuka kubva murenje reSinai, vakafamba vachienda
kunzvimbo nenzvimbo kusvikira gore randomira murenje reParani.
[13] Nguva ino, kwokutanga, vakafamba sezvavakanga varayirwa naJehovha
kubudikidza naMozisi.
[14] Mapoka omusasa waJudha ndiwo akatanga kuenda, pasi po-
mureza wavo. Nashoni mwanakomana waAminadhabhi akanga achi-
vatungamirira. [15] Netaneri mwanakomana waZuari akanga ari mukuru
weboka rorudzi rwaIsakari. [16] Uye Eriabhi mwanakomana waHeroni
akanga ari mukuru weboka rorudzi rwaZebhuruni. [17] Ipapo tab-
henakeri yakabviswa, uye vaGerishoni navaMerari, vakanga vachiitakura,
vakatanga kufamba.

18 Mapoka omusasa waRubheni akatevera, vari pasi pomureza wavo.
Erizuri mwanakomana waShedheuri ndiye akanga achivatungamirira.
19 Sherumieri mwanakomana waZurishadhai akanga ari mukuru weboka
rorudzi rwaSimeoni, 20 uye Eriasafi mwanakomana waDheueri akanga
ari mukuru weboka rorudzi rwaGadhi. 21 Ipapo vaKohati vakasimuka,
vakatakura zvinhu zvitsvene. Tabhenakeri yaifanira kumiswa vasati
vasvika.

22 Mapoka omusasa waEfuremu akatevera; vari pasi pomureza
wavo. Erishama mwanakomana waAmihudhi akanga achivatungamirira.
23 Gamarieri mwanakomana waPedhazuri akanga ari mukuru weboka
rorudzi rwaManase. 24 Uye Abhidhani mwanakomana waGidheoni
akanga ari mukuru weboka rorudzi rwaBhenjamini.

25 Pakupedzisira, samapoka aichengetedza kumashure kwamapoka
ose, mapoka omusasa waDhani akasimuka, ari pasi pomureza wavo.
Ahiezeri mwanakomana waAmishadhai ndiye akanga achivatungamirira.
26 Pagieri mwanakomana waOkirani akanga ari mukuru weboka rorudzi
rwaAsheri; 27 uye Ahira mwanakomana waEnani akanga ari mukuru
weboka rorudzi rwaNafutari. 28 Aya ndiwo akanga ari mafambiro
amapoka avaIsraeri pakusimuka kwavo.

29 Zvino Mozisi akati kuna Hobhabhi mwanakomana waReueri muMid-
hiani, tezvara waMozisi, "Tava kuenda kunzvimbo yatakanzi naJehovha,
'Ndichakupai imi.' Handei tose tigokuitirai zvakanaka, nokuti Jehovha
avimbisa zvinhu zvakanaka kuna Israeri."

30 Iye akapindura akati, "Kwete, handingaendi; ndiri kudzokera kunyika
yangu nokuvanhu vokwangu."

31 Asi Mozisi akati kwaari, "Ndapota hangu regai kutisiya. Munoziva
patinofanira kuvaka musasa wedu murenje, uye imi mungava meso
edu. 32 Kana mukaenda nesu, tichagovana nemi chinhu chipi nechipi
chatichapiwa naJehovha."

33 Saka vakasimuka kubva pagomo raJehovha vakafamba kwamazuva
matatu. Areka yaJehovha yesungano yakavatungamirira pamazuva
matatu iwayo kuti vatsvakirwe nzvimbo yokuzororera. 34 Gore raJehovha
rakanga riri pamusoro pavo masikati pavakasimuka kubva pamusasa.

35 Paingosimuka areka, Mozisi aiti,

"Haiwa Jehovha, simukai!
Vavengi venyu ngavaparadzirwe,
vavengi venyu ngavatize pamberi penyu."

36 Payaigadzikwa pasi, iye aiti,

"Haiwa Jehovha, dzokai
kuzviuru nezviuru zvavaIsraeri."

# 11

### *Moto wakabva kuna Jehovha*

1 Zvino vanhu vakanyunyuta, Jehovha achizvinzwa, pamusoro
pokuomerwa kwavo, uye paakavanzwa hasha dzake dzakamutswa. Ipapo
moto wakabva kuna Jehovha ukapisa pakati pavo uye ukaparadza
vamwe kumucheto womusasa. 2 Vanhu vakati vachema kuna Mozisi,
akanyengetera kuna Jehovha moto ukadzima. 3 Saka nzvimbo iyo yakanzi
Tabhera, nokuti moto wakabva kuna Jehovha ukapisa pakati pavo.

### *Zvihuta zvakabva kuna Jehovha*

4 Vatorwa vakanga vari pakati pavo vakatanga kupanga zvimwewo
zvokudya, uyezve vaIsraeri vakatanga kuungudza vachiti, "Ndianiko
achatipa nyama kuti tidye? 5 Tinorangarira hove dzataidya muIjipiti tisin-
gatengi; magaka, manwiwa, hanyanisi huru, hanyanisi diki nemhiripiri.
6 Asi zvino tafinhwa; hapana chimwe chinhu chatiri kuwana kunze
kwemana iyi."

7 Mana yakanga yakaita semhodzi yekorianda uye ichiratidzika
samazambiringa akaoma. Vanhu vaitenderera vachiinhonga, uye,
vaizoikuya paguyo kana kuidzvura muduri. 8 Vaiibika muhari kana kuita
makeke. Uye yainaka kunge chinhu chakabikwa namafuta omuorivhi.
9 Dova raiti rawira pamusoro pomusasa usiku, mana yaiwawo.

10 Mozisi akanzwa vanhu vemhuri dzose vachiungudza, mumwe no-
mumwe pamukova wetende rake. Jehovha akatsamwa kwazvo, uye
Mozisi akatambudzika. 11 Akabvunza Jehovha akati, "Seiko makauyisa
dambudziko iri pamuranda wenyu? Chiiko chandakaita chisingakufadzei
zvokuti makaisa mutoro wavanhu ava vose pamusoro pangu? 12 Ko, ndini
ndakaita kuti vanhu vose ava vaumbwe here? Ko, ndini ndakavabereka
here? Seiko muchindiita kuti ndivatakure mumaoko angu, somureri
anotakura mwana mucheche kuti ndiende navo kunyika yamakavimbisa
nemhiko kumadzitateguru avo? 13 Ndingawanepiko nyama yandingapa
vanhu vose ava? Vanoramba vachingondichemera vachiti, 'Tipe nyama
yokudya.' 14 Handingatakuri vanhu ava vose ndoga; mutoro unondire-
mera kwazvo. 15 Kana muchida kundiitira saizvozvo, ndiurayei henyu
iye zvino, kana ndawana hangu nyasha pamberi penyu, uye musandirega
ndichiona kuparara kwangu."

16 Jehovha akati kuna Mozisi, uya navakuru vavaIsraeri makumi
manomwe vaunoziva savatungamiri namachinda pakati pavanhu. Uite
kuti vauye kuTende Rokusangana, kuti vamire newe ipapo. 17 Ini ndich-
aburuka ndigozotaura newe ipapo, uye ndichatora Mweya uri pamusoro
pako ndigoisa Mweya iwoyo pamusoro pavo. Ivo vachakubatsira kutakura
mutoro wavanhu kuitira kuti iwe urege kuutakura woga.

18 "Udza vanhu kuti: 'Zvinatsei mugadzirire zvamangwana, pa-
muchadya nyama. Jehovha akakunzwai pamakaungudza muchiti, "Dai
bedzi taiva nenyama yokudya! Takanga tiri nani muIjipiti!" Zvino Jehovha
achakupai nyama, uye muchaidya. 19 Hamungaidyi kwezuva rimwe chete,
kana mazuva maviri kana mashanu, gumi kana makumi maviri, 20 asi
kwomwedzi wose, kusvikira yabuda nomumhino dzenyu uye mukaisema,
nokuti makaramba Jehovha, ari pakati penyu, uye maichema pamberi
pake muchiti, "Takambobvireiko kuIjipiti?" ' "

21 Asi Mozisi akati, "Hezvi ndiri pakati pavanhu mazana matanhatu
ezviuru vanofamba netsoka, zvino imi munoti, 'Ini ndichavapa nyama kuti
vadye kwomwedzi wose!' 22 Zvichavaringana here kana dai vakaurayirwa
makwai nemombe? Zvichavaringana here kana dai vakabatirwa hove
dzose dziri mugungwa?"

23 Jehovha akapindura Mozisi achiti, "Ko, ruoko rwaJehovha rwakap-
fupiswa here? Zvino uchaona kuti zvandinoreva zvichaitika here kana
kuti kwete."

24 Saka Mozisi akabuda akandoudza vanhu zvakanga zvataurwa na-
Jehovha. Akaunganidza vakuru vavo makumi manomwe akavaita kuti
vamire vakapoteredza Tende. 25 Ipapo Jehovha akaburuka ari mugore
akataura navo uye akatora Mweya wakanga uri pamusoro pake akaisa

Mweya uyu pamusoro pavakuru makumi manomwe. Mweya wakati
wagara pamusoro pavo vakaprofita, asi havana kuzopamhazve.
26 Kunyange zvakadaro, varume vaviri, vainzi Eridhadhi naMedhadhi,
vakanga vasara mumusasa. Ivo vakanga vaverengwa pakati pavakuru, asi
havana kubuda kuti vaende kuTende. Asi Mweya wakagarawo pamusoro
pavo uye, vakaprofita vari mumusasa. 27 Mumwe mujaya akamhanya
akandoudza Mozisi akati, "Eridhadhi naMedhadhi vari kuprofita vari
mumusasa."
28 Joshua mwanakomana waNuni, uyo akanga ari mubatsiri waMozisi
kubva paujaya hwake, akataura nesimba akati, "Mozisi, ishe wangu,
vadzivisei!"
29 Asi Mozisi akapindura akati, "Ko, iwe une godo nokuda kwangu here?
Ndinoshuva kuti dai vanhu vaJehovha vose vava vaprofita uye kuti dai
Jehovha aisa Mweya wake pamusoro pavo!" 30 Ipapo Mozisi navakuru
vavaIsraeri vakadzokera kumusasa.
31 Zvino mhepo yakabuda ichibva kuna Jehovha ikasunda zvihuta
zvichibva kugungwa. Yakazvikanda pasi kumativi ose omusasa zvikaita
murwi ungada kuita makubhiti maviri* kubva pasi, kusvika pangafambwa
rwendo rwezuva rimwe chete kumativi ose. 32 Zuva rose iroro nousiku
hwose uye nezuva rose rakatevera vanhu vakabuda kundounganidza
zvihuta. Hakuna akaunganidza zvaiva pasi pamahomeri gumi†. Ipapo
vakazviyanika vakapoteredza musasa. 33 Asi nyama ichiri pakati pa-
mazino avo uye isati yatsengwa, kutsamwa kwaJehovha kwakapfuta pa-
musoro pavanhu, akavarova nehosha yakaipisisa. 34 Naizvozvo nzvimbo
iyo yakatumidzwa kunzi Kibhuroti Hataavha, nokuti vakaviga vanhu
vakanga vakarira zvimwewo zvokudya.
35 Vanhu vakabva paKibhuroti Hataavha vakaenda kuHazeroti vakan-
dogara ikoko.

# 12

*Miriamu naAroni vanopikisana naMozisi*

1 Miriamu naAroni vakatanga kupopotera Mozisi nokuda kwomukadzi
wake aiva muEtiopia, nokuti akanga awana muEtiopia. 2 "Ko, Jehovha
akangotaura naMozisi oga here? Ko, haana kutaura kubudikidza nesuwo
here?" Uye Jehovha akazvinzwa.
3 Zvino Mozisi akanga ari munhu akazvininipisa kwazvo, akazvininipisa
kupfuura ani zvake pamusoro penyika.
4 Pakarepo Jehovha akati kuna Mozisi, Aroni naMiriamu, "Budai muuye
kuTende Rokusangana, mose muri vatatu." Saka vakabuda ivo vari vatatu.
5 Ipapo Jehovha akaburuka ari mushongwe yegore; akamira pamukova
wokupinda kuTende akadana Aroni naMiriamu. Vakati vachibuda vari
vaviri, 6 akati kwavari, "Teererai mashoko angu:

"Kana pano muprofita pakati penyu, ndinozviratidza kwaari nezviratidzo,
ndinotaura naye muzviratidzo,
ndinotaura naye muzviroto.
7 Asi hazvina kudaro kuna Mozisi muranda wangu;
iye akatendeka muimba yangu yose.
8 Ndinotaura naye takatarisana,
pachena kwete nezvirahwe;

* **11:31** 11:31 0.9 yemita † **11:32** 11:32 makirorita angaita 1.4

iye anoona chimiro chaJehovha.
Zvino makarega seiko kutya
kutaura muchipopotera muranda wangu Mozisi?"
9 Kutsamwa kwaJehovha kwakapfuta pamusoro pavo, uye akavasiya.
10 Gore rakati rabva pamusoro peTende, onei Miriamu amirepo ava
namaperembudzi, akachena sechando. Aroni akatendeukira kwaari
akaona kuti akanga ava namaperembudzi. 11 Ipapo akati kuna Mozisi,
"Ndapota, ishe wangu, regai kuisa pamusoro pedu chivi chataita noupenzi.
12 Musarega achifanana nomwana akazvarwa akafa mudumbu ramai vake
hafu yenyama yake yakadyiwa."
13 Saka Mozisi akachema kuna Jehovha akati, "Haiwa Mwari, ndapota
hangu muporesei!"
14 Jehovha akapindura Mozisi achiti, "Dai baba vake vanga vamupfira
kumeso kwake, haazainyara kwamazuva manomwe here? Mubud-
ise kunze kwomusasa kwamazuva manomwe; mugomudzosa henyu
pashure." 15 Saka Miriamu akabudiswa kunze kwomusasa kwamazuva
manomwe, uye vanhu havana kupfuurira mberi kusvikira adzoswa.
16 Shure kwaizvozvo, vanhu vakabva paHazeroti vakandodzika musasa
muRenje reParani.

# 13

### *Vasori vanoona nyika yeKenani*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Tuma vamwe varume kuti vandosora
nyika yeKenani, yandiri kupa kuvaIsraeri. Tuma mutungamiri mumwe
kubva kurudzi rumwe norumwe rwamadzitateguru avo."
3 Saka, sokurayira kwaJehovha, Mozisi akavatuma vachibva nokurenje
reParani. Vose vakanga vari vatungamiri vavaIsraeri.

4 Haano mazita avo:

kubva kurudzi rwaRubheni, Shamua mwanakomana waZakuri;
5 kubva kurudzi rwaSimeoni, Shafati mwanakomana waHori;
6 kubva kurudzi rwaJudha, Karebhu mwanakomana waJefune;
7 kubva kurudzi rwaIsakari, Igari mwanakomana waJosefa;
8 kubva kurudzi rwaEfuremu, Hoshea mwanakomana waNuni;
9 kubva kurudzi rwaBhenjamini, Pareti mwanakomana waRafu;
10 kubva kurudzi rwaZebhuruni, Gadhieri mwanakomana waSodhi;
11 kubva kurudzi rwaManase (rudzi rwaJosefa), Gadhi mwanakomana waSusi;
12 kubva kurudzi rwaDhani, Amieri mwanakomana waGemari;
13 kubva kurudzi rwaAsheri, Seturi mwanakomana waMikaeri;
14 kubva kurudzi rwaNafutari, Nabhi mwanakomana waVhofisi;
15 kubva kurudzi rwaGadhi, Generi mwanakomana waMaki.

16 Aya ndiwo mazita avarume vakatumwa naMozisi kundosora nyika. (Mozisi akatumidza Hoshea mwanakomana waNuni zita rokuti Joshua).

17 Mozisi akati avatuma kundosora nyika yeKenani, akati kwavari,
"Kwidzai mupinde nechokuNegevhi uye nomunyika yamakomo.
18 Mundoona kuti nyika yakadini uye kuti vanhu vanogarako vakasimba

here kana kuti havana, vashoma here kana kuti vazhinji. [19] Nyika
yavanogara yakadini? Yakanaka here kana kuti yakaipa? Maguta avagere
maari akadiniko? Haana masvingo here kana kuti akakomberedzwa?
[20] Ko, ivhu racho rakadini? Rakaorera here kana kuti kwete? Mune
miti here kana kuti hamuna? Muedze kwazvo kuti muuye nezvimwe
zvezvibereko zvenyika iyo." (Yakanga iri nguva yokutanga kuibva
kwamazambiringa).

[21] Naizvozvo vakakwidza vakandosora nyika kubva kurenje reZini
kusvikira kuRehobhi, kwakanangana neRebho Hamati. [22] Vakakwidza
vachipinda nechokuNegevhi vakasvika kuHebhuroni paigara Ahimeni,
Sheshai naTarimai, zvizvarwa zvaAnaki. (Hebhuroni rakanga ravakwa
makore manomwe Zoani risati ravakwa muIjipiti). [23] Vakati vasvika paMu-
pata weEshikori, vakatema davi rimwe raiva nesumbu ramazambiringa.
Vaviri vavo vakaritakura nedanda pakati pavo pamwe chete namatamba
uye namaonde. [24] Nzvimbo iyo yakanzi Mupata weEshikori nokuda
kwesumbu ramazambiringa rakatemwa ipapo navaIsraeri. [25] Mazuva
makumi mana akati apera, vakadzoka kubva kundosora nyika.

*Vanozivisa zvokusora kwavo*

[26] Vakadzokera kuna Mozisi naAroni nokuungano yose yavaIsraeri
paKadheshi murenje reParani. Ipapo vakazivisa kwavari nokuungano
yose uye vakavaratidza zvibereko zvenyika. [27] Vakapa nhoroondo iyi kuna
Mozisi: "Takaenda kunyika yamakatituma, uye inoerera mukaka nouchi!
Hezvi zvibereko zvayo. [28] Asi vanhu vanogarako vane simba kwazvo,
uye maguta akakomberedzwa uye makuru kwazvo. Takaona kunyange
zvizvarwa zvaAnaki ikoko. [29] VaAmareki vanogara nechokuNegevhi;
vaHiti, vaJebhusi navaAmori vanogara munyika yamakomo; uye vaKenani
vanogara pedyo negungwa uye nomunzvimbo inotevedza Jorodhani."

[30] Ipapo Karebhu akanyaradza vanhu pamberi paMozisi akati, "Tino-
fanira kukwidza tindotora nyika nokuti zvirokwazvo tinogona kuitora."

[31] Asi varume vakanga vaenda naye vakati, "Hatigoni kurwisa vanhu
ava; vakasimba kutipfuura isu." [32] Saka vakaparadzira mashoko
akaipa pakati pavaIsraeri pamusoro penyika yavakanga vandosora.
Vakati, "Nyika yatakandosora inodya vaya vanogaramo. Vanhu vose
vatakaona ikoko vakakura kwazvo. [33] Takaona vaNefirimi (izvo zvizvarwa
zvavaAnaki vanobva kuvaNefirimi) ikoko. Isu tainge mhashu pakuona
kwedu, uye tainge takadarowo pakuona kwavo."

# 14

*Vanhu vanomukira Mozisi*

[1] Usiku ihwohwo vanhu vose veungano vakasimudza manzwi avo
vakachema zvikuru. [2] VaIsraeri vose vakapopotera Mozisi naAroni
uye ungano yose yakati kwavari, "Dai bedzi takanga tafira muIjipiti!
Kana murenje rino! [3] Ko, Jehovha ari kuuyireiko nesu kunyika ino
zvoongotirega tichindourayiwa nomunondo? Vakadzi navana vedu vacha-
torwa senhapwa. Hazvaiva nani here kuti tidzokere kuIjipiti?" [4] Zvino
vakataurirana vachiti, "Tinofanira kusarudza mutungamiri tidzokere
kuIjipiti."

[5] Ipapo Mozisi naAroni vakawira pasi nezviso zvavo pamberi peungano
yose yavaIsraeri yakanga iri ipapo. [6] Joshua mwanakomana waNuni
naKarebhu mwanakomana waJefune, avo vakanga vari pakati pavaya

vakanga vandosora nyika, vakabvarura nguo dzavo. 7 Vakati kuungano
yose yavaIsraeri, "Nyika yatakapfuura napakati payo tikaisora yakanaka
kwazvo. 8 Kana Jehovha achifadzwa nesu, achatitungamirira kuti tipinde
munyika iyoyo, nyika inoyerera mukaka nouchi, agoipa kwatiri. 9 Chete
imi regai kumukira Jehovha. Uye musatya vanhu venyika iyo, nokuti
tichavamedza. Kudzivirirwa kwavo kwabviswa, asi Jehovha anesu.
Musavatya."

10 Asi ungano yose yakataura nezvokuti vatakwe namabwe. Ipapo
kubwinya kwaJehovha kwakaonekwa paTende Rokusangana navaIsraeri
vose. 11 Jehovha akati kuna Mozisi, "Vanhu ava vachasvika riniko
vachingondizvidza? Vacharamba kunditenda kusvikira riniko, kunyange
ndakaita zviratidzo nezvishamiso zvose pakati pavo? 12 Ndichavarova
nedenda ndigovaparadza, asi iwe ndichakuita rudzi rukuru kwazvo uye
rwakasimba kukunda ivo."

13 Mozisi akati kuna Jehovha, "Ipapo vaIjipita vachanzwa pamusoro
pazvo! Kuti makabudisa vanhu ava kubva pakati pavo nesimba renyu.
14 Uye vachaudza vanhu vanogara munyika ino pamusoro pazvo. Vaka-
tozvinzwa kare kuti imi, Jehovha, mugere navanhu ava uye kuti imi,
Jehovha, makaonekwa chiso nechiso, uye kuti gore renyu rinogara
pamusoro pavo, uye kuti munovatungamirira neshongwe yegore masikati
uye neshongwe yomoto usiku. 15 Kana mukauraya vanhu vose ava
panguva imwe chete, ndudzi dzakanzwa mukurumbira uyu pamusoro
penyu dzichati, 16 'Jehovha akanga asingagoni kuisa vanhu ava kunyika
yaakanga avavimbisa nemhiko; saka akavauraya murenje.'

17 "Zvino simba raJehovha ngariratidzwe, sezvamakataura muchiti:
18 'Jehovha anononoka kutsamwa, azere norudo uye anoregerera zvivi
nokumukira. Kunyange zvakadaro haangaregi kuranga ane mhosva,
anoranga vana nokuda kwechivi chamadzibaba kusvikira kuchizvarwa
chechitatu nechechina.' 19 Zvichienderana norudo rwenyu rukuru,
regererai chivi chavanhu ava, sezvamakavaregerera kubva panguva
yavakabva kuIjipiti kusvikira zvino."

20 Jehovha akapindura akati, "Ndavaregerera sezvawakumbira iwe.
21 Asi hazvo, noupenyu hwangu zvirokwazvo, uye zvirokwazvo sokuzara
kunoita nyika yose nokubwinya kwaJehovha, 22 hakuna mumwe
wavarume vakaona kubwinya kwangu nezvishamiso zvandakaita muIjip-
iti nomurenje asi vakasanditeerera, uye vakandiedza kanokwana kagumi,
23 hakuna mumwe wavo achazoona nyika yandakavimbisa madzitateguru
avo nemhiko. Hakuna kana mumwe akandizvidza achazofa akaona nyika
yandakavimbisa madzitateguru avo nemhiko. Hakuna kana mumwe
akandizvidza achazofa akaiona. 24 Asi nokuda kwokuti muranda wangu
Karebhu ano mweya wakasiyana navamwe uye anonditevera nomwoyo
wose, ndichamupinza munyika yaakaenda kwairi, uye ichava nhaka
yezvizvarwa zvake. 25 Sezvo vaAmareki navaKenani vachigara mumipata,
dzokai mangwana mufambe makananga kurenje muchitevedza nzira
inoenda nokuGungwa Dzvuku."

26 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 27 "Ungano iyi icharamba
ichindipopotera kusvikira riniko? Ndanzwa kunyunyuta kwavaIs-
raeri vokungopopota havo ava. 28 Saka vaudze kuti, 'Zvirokwazvo
noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Jehovha, ndichakuitirai zv-
inhu zvacho zvandakanzwa muchireva muchiti: 29 Zvitunha zvenyu
zvichawira murenje rino, imi mose muna makore makumi maviri

kana makumi maviri neanoraudza makaverengwa pakuverengwa uye
mukandipopotera. 30 Hakuna mumwe wenyu achapinda munyika yan-
dakakupikirai noruoko rwakasimudzwa kuti uve musha wenyu, kunze
kwaKarebhu mwanakomana waJefune naJoshua mwanakomana waNuni.
31 Asi kana vari vana venyu vamakati vachatapwa, ndichavapinza kuti
vafare munyika yamaramba imi. 32 Asi imi zvitunha zvenyu zvichawira
murenje rino. 33 Vana venyu vachava vafudzi muno kwamakore makumi
mana, vachitambudzika nokuda kwokusatendeka kwenyu, kusvikira
chitunha chenyu chokupedzisira chavata murenje rino. 34 Kwamakore
makumi mana, gore richimirira zuva rimwe nerimwe ramazuva makumi
mana amakasora nyika, muchatambudzika nokuda kwezvivi zvenyu uye
muchaziva kuti zvinoita sei kuti ini ndirwe nemi.' 35 Ini, Jehovha,
ndazvitaura, uye zvirokwazvo ndichaita zvinhu izvi kuungano yose iyi
yakaipa, yakabatana pamwe chete kuti indirwise. Vachaperera murenje
muno; vachafira muno."

36 Saka varume vakanga vatumwa naMozisi kundosora nyika, vaya
vakadzoka vakaita kuti ungano yose ipopotere Mozisi nemhaka yoku-
paradzira mashoko akaipa pamusoro payo: 37 varume ava vakanga
vaparadzira mashoko akaipa pamusoro penyika, vakarohwa vakaurayiwa
nedenda pamberi paJehovha. 38 Pavarume vakaenda kundosora nyika,
Joshua mwanakomana waNuni naKarebhu mwanakomana waJefune
ndivo bedzi vakararama.

39 Mozisi akati azivisa izvi kuvaIsraeri vose, vakachema zvikuru.
40 Mangwana acho mangwanani, vakakwidza vakananga kumusoro kun-
yika yamakomo marefu. Vakati, "Takatadza hedu. Tichakwidza tiende
kunyika yatakavimbiswa naJehovha."

41 Asi Mozisi akati kwavari, "Sei musingateereri kurayira kwaJehovha?
Izvi hazvibudiriri! 42 Musakwidza kumusoro nokuti Jehovha haazi pakati
penyu. Muchakundwa navavengi venyu, 43 nokuti vaAmareki navaKenani
vachasangana nemi ikoko. Nokuti makafuratira Jehovha, iye haangavi
nemi uye muchaurayiwa nomunondo."

44 Kunyange zvakadaro, nepfungwa dzavo, vakaenda vakananga kun-
yika yamakomo marefu, kunyange Mozisi asina kuenda uye areka
yaJehovha yesungano isina kubviswawo pamusasa. 45 Ipapo vaA-
mareki navaKenani vaigara munyika yamakomo vakaburuka vakavar-
wisa vakavadzingirira kusvikira kuHoma.

# 15

*Zvimwe Zvipiriso*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari: 'Kana
mapinda munyika yandinokupai kuti mugare, 3 uye mukauya nezvipiriso
zvinopiswa kuna Jehovha, kubva kumombe kana makwai, kuti muite
zvinonhuhwira zvinofadza Jehovha, zvingava zvinopiswa kana zvibayiro,
zvemhiko dzakasarudzika kana zvipo zvokupa nokuzvisarudzira kana
zvipiriso zvemitambo, 4 ipapo munhu anouya nechipiriso chake achapa
kuna Jehovha chipiriso chezvipo chiri chegumi cheefa* youpfu hwakat-
setseka hwakavhenganiswa nechikamu chimwe chete muzvina chehini†
yamafuta. 5 Pagwayana rimwe nerimwe rechipiriso chinopiswa kana

* **15:4** 15:4 marita angaita 2 † **15:4** 15:4 rita uyewo nomundima 5

rechibayiro, munofanira kugadzira chikamu chimwe chete muzvina
chehini yewaini chive chipiriso chokunwa.

6 " 'Munofanira kugadzira negondobwe chipiriso chezviyo chezvikamu
zviviri mugumi zveefa‡ youpfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa
nechikamu chimwe chete kubva muzvitatu chehini§ yamafuta, 7 uye
nechikamu chimwe chete kubva muzvitatu chehini yewaini chive
chipiriso chokunwa. Muchipe sechinonhuhwira chinofadza kuna Jehovha.

8 " 'Pamunogadzirira Jehovha nzombe duku sechipiriso chinopiswa
kana sechibayiro, chemhiko yakasarudzika kana chipiriso chokuwadzana,
9 munofanira kuuya nechipiriso chezviyo chezvikamu zvitatu kubva
mugumi cheefa* youpfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa nehafu
yehini† yamafuta pamwe chete nehando. 10 Uyezve muuye nehafu yehini
yewaini sechipiriso chokunwa. Chichava chipiriso chinoitwa nomoto,
chinonhuhwira chinofadza Jehovha. 11 Hando imwe neimwe kana gondo-
bwe, gwayana rimwe nerimwe kana mbudzana, zvinofanira kugadzirwa
nenzira iyoyi. 12 Munofanira kuita izvi pane chimwe nechimwe chazvo,
sokuwanda kwezvamunenge magadzira.

13 " 'Munhu wose anoberekwa munyika yenyu, anofanira kuita zvinhu
izvi nenzira iyi paanenge achiuya nechipiriso chinoitwa nomoto, chive
chinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha. 14 Kuzvizvarwa zvinotevera
kana mutorwa kana mumwe munhuwo zvake agere pakati penyu
akapa chipiriso chinoitwa nomoto, chinonhuhwira zvinofadza Jehovha,
anofanira kuita zvakangofanana nezvamunoita imi. 15 Ungano inofanira
kuva nomutemo mumwe chete kumutorwa agere pakati penyu; uyu mu-
rayiro usingaperi kusvikira kuzvizvarwa zvinotevera. Muchafanana pam-
beri paJehovha imi nomutorwa. 16 Mirayiro mimwe cheteyo ichashanda
kwamuri mose, imi nomutorwa agere pakati penyu.' "

17 Jehovha akati kuna Mozisi, 18 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari: 'Kana
mopinda munyika yandinokuendesai 19 uye mukadya zvokudya zvenyika
iyo, munofanira kupa chikamu kuna Jehovha sechipiriso. 20 Munofanira
kupa keke rinoitwa noupfu hwenyu hwokutanga mugoripa sechipiriso
chinobva paburiro. 21 Kusvikira kuzvizvarwa zvinotevera munofanira
kupa chipiriso ichi kuna Jehovha kubva paupfu hwenyu hwokutanga.

### *Zvipiriso zvezvivi zvisina kuitwa nobwoni*

22 " 'Zvino kana musingatadzi nobwoni kuchengeta mirayiro iyi
yakapiwa kuna Mozisi naJehovha, 23 zvipi zvazvo zvakarayirwa na-
Jehovha kubudikidza naMozisi, kubva nezuva razvakapiwa naJehovha
uye zvichienda mberi kusvikira kuzvizvarwa zvinotevera, 24 uye kana
izvi zvikaitwa kwete nobwoni zvisina kuzivikanwa neungano, ungano
yose inofanira kupa hando duku sechipiriso chinopiswa, sezvinonhuh-
wira zvinofadza kuna Jehovha, nenhongo yembudzi kuti ive chipiriso
chechivi. 25 Muprista anofanira kuyananisira ungano yose yavaIsraeri,
uye vachakanganwirwa, nokuti zvakanga zvisina kuitwa nobwoni, uye,
nokuda kwokukanganisa kwavo, vakavigira Jehovha chipiriso chinopiswa
uye nechipiriso chechivi. 26 Ungano yose yavaIsraeri navatorwa vagere
pakati pavo vachakanganwirwa, nokuti vanhu vose vakatadza vasingazivi.

---

‡ **15:6** 15:6 marita angaita 4.5 § **15:6** 15:6 marita angaita 1.2, uyewo nomundima 7 * **15:9** 15:9 marita angaita 6.5 † **15:9** 15:9 marita angaita 2, uyewo nomundima 10

[27] “ ‘Asi kana munhu mumwe chete akatadza nokusaziva, anofanira
kuuya nembudzana hadzi yegore rimwe chete kuti chive chipiriso
chechivi. [28] Muprista anofanira kuyananisira uyo akatadza pamberi
paJehovha nokutadza nokusaziva, uye kana ayananisirwa, achakangan-
wirwa. [29] Murayiro mumwe chete iwoyu unoshanda kuna vose vanotadza
vasingazivi, angava akaberekerwa muIsraeri kana mutorwa.
[30] “ ‘Asi ani naani anotadza nokuzvikudza, angava akaberekwa muIs-
raeri kana mutorwa, anomhura Jehovha, munhu uyo anofanira kubviswa
pakati pavanhu vokwake. [31] Nokuti akazvidza shoko raJehovha uye
akaputsa mirayiro yake, munhu uyo anofanira kubviswa zvachose;
mhosva yake inogara pamusoro pake.’ ”

### *Munhu akaputsa murayiro weSabata anourayiwa*

[32] VaIsraeri vachiri murenje, mumwe murume akawanikwa achiun-
ganidza huni nezuva reSabata. [33] Avo vakamuwana achiunganidza
huni vakauya naye kuna Mozisi naAroni nokuungano yose, [34] uye vaka-
muchengeta mutorongo, nokuti vakanga vasingazivi zvaifanira kuitwa
kwaari. [35] Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, “Murume uyo anofanira
kufa. Ungano yose inofanira kumutaka namabwe kunze kwomusasa.”
[36] Saka ungano yakamubudisa kunze kwomusasa vakamutaka namabwe
kusvikira afa, sezvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha.

### *Pfunha paNguo*

[37] Jehovha akati kuna Mozisi, [38] “Taura kuvaIsraeri uti kwavari:
‘Kusvikira kuzvizvarwa zvichatevera, munofanira kugadzira pfunha pa-
makona enguo dzenyu, dzinenge dzine tambo yebhuruu papfunha imwe
neimwe. [39] Muchava nepfunha idzi kuti mudzitarire uye naizvozvo
mucharangarira zvakarayirwa naJehovha zvose, kuti muzviteerere mu-
gorega kuita ufeve muchitevera kuchiva kwemwoyo yenyu nameso
enyu. [40] Ipapo mucharangarira kuteerera mirayiro yangu yose uye
muchazvitsaura kuti muve vanhu vaMwari wenyu. [41] Ndini Jehovha
Mwari wenyu, akakubudisai kubva muIjipiti kuti ndive Mwari wenyu.
Ndini Jehovha Mwari wenyu.’ ”

## 16

### *Kora, Dhatani naAbhiramu*

[1] Kora mwanakomana waIzhari, mwanakomana waKohati, mwanako-
mana waRevhi, navamwe vaRubheni, Dhatani naAbhiramu, vanako-
mana vaEriabhi, naOni mwanakomana waPoreti, vakazvikudza [2] uye
vakamukira Mozisi. Vakanga vane varume mazana maviri namakumi
mashanu avaIsraeri, vatungamiri vaizivikanwa kwazvo muungano
vakanga vagadzwa kuti vave nhengo dzamakurukota. [3] Vakauya vari
chikwata kuti vazopikisa Mozisi naAroni vakati kwavari, “Mazonyanya
zvino! Ungano yose itsvene, mumwe nomumwe wavo zvake, uye Jehovha
ari pakati pavo. Zvino munozviisireiko pamusoro peungano yaJehovha?”
[4] Mozisi akati anzwa izvozvo, akawira pasi nechiso. [5] Ipapo akati
kuna Kora navateveri vake vose, “Mangwanani Jehovha acharatidza kuti
vanhu vake ndavapi uye kuti mutsvene ndiani, uye achaita kuti munhu
uyo aswedere kwaari. Munhu waachasarudza ndiye waachaswededza
kwaari. [6] Iwe Kora, navateveri vako vose munofanira kuita izvi: Torai

hadyana dzezvinonhuhwira 7 uye mangwana muise moto nezvinonhuh-
wira madziri mugoenda nadzo pamberi paJehovha. Munhu achasarudzwa
naJehovha ndiye achava mutsvene. Imi vaRevhi mazonyanya zvino!"

8 Mozisi akatizve kuna Kora, "Chinzwai zvino, imi vaRevhi! 9 Ko,
hazvina kukwana kwamuri here kuti Mwari wavaIsraeri akakutsaurai
pakati peungano yavaIsraeri vose akakuswededzai pedyo naye kuti muite
basa patabhenakeri yaJehovha uye kuti mumire pamberi peungano
mugovashandira? 10 Akakuswededzai imi nehama dzenyu ivo vaRevhi,
asi zvino mava kuedza kubvuta upristawo. 11 Uku kurwa naJehovha
zvamadai kusungana pamwe chete iyemi navose vanokuteverai. Aroni
ndianiko wamunopopotera?"

12 Ipapo Mozisi akadana Dhatani naAbhiramu, vanakomana vaEriabhi.
Asi ivo vakati, "Hatiuyiko! 13 Hazvina kukwana here kuti makatibudisa
munyika inoyerera mukaka nouchi kuti muzotiurayira murenje? Uye iye
zvino munoda kubata ushe pamusoro pedu here? 14 Pamusoro pezvo,
hamuna kutisvitsa kunyika inoyerera mukaka nouchi kana kutipa nhaka
yeminda neminda yemizambiringa. Muchada kutumbura meso avanhu
ava here? Haiwa, isu hatiuyiko!"

15 Ipapo Mozisi akatsamwa zvikuru akati kuna Jehovha, "Musaga-
muchira chipiriso chavo. Handina kutovatorera kana mbongoro, uye
handina kutadzira kana mumwe wavo."

16 Mozisi akati kuna Kora, "Iwe navose vanokutevera munofanira
kumira pamberi paJehovha mangwana, iwe, naivo naAroni. 17 Murume
mumwe nomumwe ngaatore hadyana yake aise zvinonhuhwira mairi,
hadyana mazana maviri namakumi mashanu pamwe chete mugodziisa
pamberi paJehovha. Iwe naAroni munofanira kuuyawo nehadyana
dzenyu." 18 Saka murume mumwe nomumwe akatora hadyana yake,
akaisa moto nezvinonhuhwira mairi, uye vakamira naMozisi naAroni
pamukova wokupinda muTende Rokusangana. 19 Kora akati aunganidza
vateveri vake vose vaipikisana navo pamukova wokupinda muTende
Rokusangana, kubwinya kwaJehovha kwakaonekwa neungano yose.
20 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 21 "Zvitsaurei imi paungano iyi
kuitira kuti ndivaparadze izvozvi."

22 Asi Mozisi naAroni vakawira pasi nezviso zvavo vakadanidzira
zvikuru vachiti, "Haiwa Mwari, Mwari wemweya yavanhu vose, mungat-
samwira ungano yose here munhu mumwe chete angotadza?"

23 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 24 "Uti kuungano, 'Sudurukai mubve
pamatende aKora, Dhatani naAbhiramu.' "

25 Mozisi akasimuka akaenda kuna Dhatani naAbhiramu uye vakuru
veIsraeri vakamutevera. 26 Akayambira ungano akati, "Sudurukai mubve
pamatende avanhu vakaipa ava! Musabata chinhu chipi zvacho chinenge
chiri chavo, kuti muregе kuparadzwa nokuda kwezvivi zvavo zvose."
27 Saka vakasuduruka vakabva pamatende aKora, Dhatani naAbhiramu.
Dhatani naAbhiramu vakanga vabuda kunze uye vakanga vakamira
navakadzi vavo, vana navacheche vari pamukova pamatende avo.

28 Ipapo Mozisi akati, "Muchaziva nezvizvi kuti Jehovha akandituma
kuti ndiite zvinhu izvi zvose uye kuti dzakanga dzisiri pfungwa dzangu:
29 Kana varume ava vakafa savamwe vanhu uye vakasangana nezvinon-
goitika kuvanhu vose, ipapo Jehovha anenge asina kundituma. 30 Asi
kana Jehovha akauyisa chimwe chinhu chitsva, uye nyika ikashamisa
muromo wayo ikavamedza, nezvose zvavo, uye vakaburukira muguva
vari vapenyu, ipapo muchaziva kuti varume ava vazvidza Jehovha."

31 Akati achangopedza kutaura zvose izvi, pasi pavo pakatsemuka
32 uye nyika ikashamisa muromo wayo ikavamedza, nenhumbi dzavo
navanhu vose vaKora nezvinhu zvavo zvose. 33 Vakaburukira muguva vari
vapenyu, nezvinhu zvavo zvose; nyika ikavafukidza, vakaparara vakabva
pakati peungano. 34 Pavakachema, vaIsraeri vose vakanga vakavakomba
vakatiza, vachidanidzira vachiti, "Nyika ichatimedza nesuwo!"

35 Ipapo moto wakabuda uchibva kuna Jehovha ukaparadza varume
mazana maviri namakumi mashanu vakanga vachipisira zvinonhuhwira.

36 Jehovha akati kuna Mozisi, 37 "Taurira Ereazari mwanakomana
waAroni, muprista, kuti abvise hadyana parufuse agoparadzira mazimbe
kure nokuti hadyana itsvene, 38 idzo hadyana dzavarume vaye vakatadza
vakaurayiwa. Pwanyai hadyana mugoita chifukidziro chearitari nadzo,
nokuti dzakauyiswa pamberi paJehovha dzikava tsvene. Ngadzive
chiratidzo kuvaIsraeri."

39 Saka Ereazari muprista akaunganidza hadyana dzendarira dzakauya
navaya vakanga vapiswa, akaita kuti dzipwanyiwe kuti dzigova chi-
fukidzo chearitari, 40 sezvaakarayirwa naJehovha kubudikidza naMozisi.
Ichi chaiva chirangaridzo kuvaIsraeri chokuti hakuna munhu anofanira
kupisira zvinonhuhwira pamberi paJehovha kunze kwechizvarwa chaA-
roni kuti aregere kuzofanana naKora navateveri vake.

41 Fume mangwana, ungano yose yavaIsraeri yakapopotera Mozisi
naAroni. Vakati, "Imi makauraya vanhu vaJehovha."

42 Asi ungano yakati yaungana pamwe chete ichipikisana naMozisi naA-
roni vakatarira kuTende Rokusangana, pakarepo gore rikaifukidza uye
kubwinya kwaJehovha kukaonekwa. 43 Ipapo Mozisi naAroni vakaenda
mberi kweTende Rokusangana, 44 uye Jehovha akati kuna Mozisi, 45 "Ibva
paungano iyi kuti ndivaparadze iye zvino." Ipapo vakawira pasi nezviso
zvavo.

46 Zvino Mozisi akati kuna Aroni, "Tora hadyana yako ugoisa zvi-
nonhuhwira mairi pamwe chete nomoto unobva paaritari, uchimbidze
kuenda kuungano undovayananisira. Hasha dzabuda dzichibva kuna
Jehovha; denda ratotanga." 47 Saka Aroni akaita sezvakarehwa naMozisi,
akamhanyira pakati peungano. Denda rakanga ratotanga pakati pavanhu,
asi Aroni akapisira zvinonhuhwira akavayananisira. 48 Akamira pakati
pavapenyu navakafa, denda rikamirawo. 49 Asi vanhu zviuru gumi
nezvina namazana manomwe vakafa nedenda, vachiwedzera pane vaya
vakanga vafa nokuda kwaKora. 50 Ipapo Aroni akadzokera kuna Mozisi
pamukova wokupinda muTende Rokusangana, nokuti denda rakanga
rapera.

# 17

### *Tsvimbo yaAroni inobukira mashizha*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Taura kuvaIsraeri utore tsvimbo gumi
nembiri kubva kwavari, imwe chete kubva kuno mumwe nomumwe
wavatungamiri vamarudzi amadzitateguru avo. Unyore zita romurume
mumwe nomumwe patsvimbo yake. 3 Patsvimbo yaRevhi unyore zita
raAroni, nokuti panofanira kuva netsvimbo imwe chete yomukuru
mumwe nomumwe worudzi rwamadzitateguru avo. 4 Udziise muTende
Rokusangana pamberi peChipupuriro, pandinosangana nemi. 5 Tsvimbo

yomunhu wandichasarudza ichabukira mashizha, uye ndichagumisa
kupopota uku kwavaIsraeri kuri kuramba kuripo pamusoro pako."
6 Saka Mozisi akataura navaIsraeri, uye vatungamiri vavo vakamupa
tsvimbo gumi nembiri, imwe chete iri yomutungamiri mumwe nomumwe
wamarudzi amadzitateguru avo, uye tsvimbo yaAroni yakanga iri pakati
padzo. 7 Mozisi akaisa tsvimbo idzi pamberi paJehovha muTende
reChipupuriro.
8 Fume mangwana Mozisi akapinda muTende reChipupuriro uye akaona
kuti tsvimbo yaAroni, iyo yaiva yakamirira imba yaRevhi, yakanga isina
kungobukira bedzi asi yakanga yatungira, yava namaruva uye yabereka
maarimondi. 9 Ipapo Mozisi akatora tsvimbo dzose kubva pamberi
paJehovha akaenda nadzo kuvaIsraeri vose. Vakadzitarisa, ipapo murume
mumwe nomumwe akatora tsvimbo yake.
10 Jehovha akati kuna Mozisi, "Dzorera tsvimbo yaAroni pam-
beri peTende reChipupuriro, kuti ichengetwe sechiratidzo kuvanhu
vanondimukira. Izvozvi zvichagumisa kundipopotera kwavo, kuti varege
kufa." 11 Mozisi akaita sezvaakarayirwa naJehovha, izvozvo ndizvo
zvaakaita.
12 VaIsraeri vakati kuna Mozisi, "Isu tichafa hedu! Takarasika,
takarasika isu tose! 13 Ani naani achaswedera patabhenakeri yaJehovha
achafa. Ko, isu tose tichafa here?"

# 18

*Mabasa aVaprista navaRevhi*

1 Jehovha akati kuna Aroni, "Iwe, navanakomana vako nemhuri
yababa vako munofanira kuva nebasa rokutakura mhosva dzinotadzirwa
nzvimbo tsvene, uye iwe navanakomana vako bedzi ndimi munofanira
kuita basa rokutakura mhosva dzinotadzirwa basa roupristа. 2 Uya
nehama dzako ivo vaRevhi vanobva kurudzi rwamadzitateguru ako
kuti vazobatana newe uye vagokubatsira iwe navanakomana vako pa-
munoshumira pamberi peTende reChipupuriro. 3 Vanofanira kuva pasi
pako uye vanofanira kuita mabasa ose eTende asi havafaniri kuswedera
pedyo nemidziyo yenzvimbo tsvene kana aritari, kana kuti mose ivo newe
muchafa. 4 Vanofanira kubatana newe vagoita basa rokuchengeta Tende
Rokusangana, basa rose rapaTende uye hakuna mumwezve anofanira
kuswedera pauri.
5 "Munofanira kuva nebasa rokuchengeta nzvimbo tsvene nearitari,
kuti hasha dzirege kuwira pavaIsraerizve. 6 Ini pachangu ndakasarudza
hama dzako ivo vaRevhi pakati pavaIsraeri kuti vave sechipo kwauri,
vakumikidzwe kuna Jehovha kuti vaite basa paTende Rokusangana. 7 Asi
iwe chete navanakomana vako ndimi mungashanda savaprista pazvinhu
zvose zviri paaritari nezviri mukati mechifukidziro. Ndiri kukupai basa
rouprista sechipo. Ani naani anoswedera panzvimbo tsvene anofanira
kuurayiwa."

*Zvipiriso zvaVaprista navaRevhi*

8 Ipapo Jehovha akati kuna Aroni, "Ini ndimene ndakugadza kuti uve
muchengeti wezvipiriso zvinopiwa kwandiri; zvipiriso zvose zvitsvene
zvinopiwa kwandiri navaIsraeri ndinozvipa kwauri iwe navanakomana
vako somugove wako uye ugova mugove wako wamazuva ose. 9 Iwe
unofanira kuva nomugove wezvipiriso zvitsvene-tsvene zvinosara pane

zvinopiswa. Pazvipo zvose zvavanondivigira sezvipiriso zvitsvene-tsvene,
zvingava zvezviyo kana zvechivi kana chipiriso chemhosva, chikamu
ichocho ndechako iwe navanakomana vako. 10 Muchidye sechinhu
chitsvene-tsvene; murume wose achachidya. Chinofanira kuva chitsvene
kwamuri.
11 "Izvi ndezvako zvakare: chimwe nechimwe chinotsaurwa kubva
pazvipo zvose zvezvipiriso zvinoninirwa zvavaIsraeri. Ndinokupa izvi iwe
navanakomana vako navanasikana vako somugove wako wamazuva ose.
Munhu wose weimba yako anenge akachena angazvidya hake.
12 "Ndinokupa mafuta omuorivhi akaisvonaka uye waini yose
yakaisvonaka nezviyo zvavanovigira Jehovha sezvibereko zvokutanga
zvegohwo ravo. 13 Zvibereko zvose zvenyika zvavanovigira Jehovha
zvichava zvako. Munhu wose weimba yako anenge akachena angazvidya.
14 "Zvinhu zvose zvakatsaurirwa Jehovha muIsraeri ndezvako.
15 Chibereko chinotanga kuzarura chizvaro, chingava chomunhu kana
chechipfuwo, chinopiwa kuna Jehovha, ndechako. Asi unofanira
kudzikinura mwanakomana wose wedangwe uye dangwe rose remhuka
dzisina kunaka. 16 Kana zvava nomwedzi mumwe chete, unofanira
kuzvidzikinura nomutengo wedzikinuro wakatarwa wamashekeri
mashanu* esirivha, maererano neshekeri renzvimbo tsvene, rinorema
magera makumi maviri.
17 "Asi haufaniri kudzikinura mhuru nzombe yedangwe, gwai kana
mbudzi, zvitsvene. Usase ropa razvo paaritari ugopisa mafuta azvo
sechipiriso chinoitwa nomoto, chive chinonhuhwira zvinofadza kuna
Jehovha. 18 Nyama yazvo ichava yako, sezvakangoita chityu chechipiriso
chokuninira nechidya chokurudyi zvagara zviri zvako. 19 Ndinokupa zvose
zvipiriso zvitsvene zvakatsaurirwa Jehovha navaIsraeri, iwe navanako-
mana navanasikana vako somugove wako wenguva yose. Isungano yemu-
nyu nokusingaperi pamberi paJehovha kwamuri mose iwe nezvizvarwa
zvako."
20 Jehovha akati kuna Aroni, "Iwe haungawani nhaka munyika mavo,
uye haungavi nomugove nenhaka pakati pavaIsraeri.
21 "VaRevhi ndinovapa zvegumi zvose zvavaIsraeri senhaka yavo
kutsiva basa ravanoita pavanenge vachishumira paTende Rokusangana.
22 Kubva zvino zvichienda mberi, vaIsraeri havafaniri kuswedera ku-
Tende Rokusangana, kuti varege kuva nemhosva yezvivi zvavo vaka-
zofa. 23 VaRevhi ndivo vanofanira kuita basa paTende Rokusangana
uye vagotakura zvakaipa zvavanhu. Uyu mutemo uchagara uripo
kusvikira kuzvizvarwa zvinotevera. Ivo havangawani nhaka pakati
pavaIsraeri. 24 Pachinzvimbo chaizvozvo ndinopa kuvaRevhi nhaka
yezvegumi zvinopiwa kuna Jehovha navaIsraeri. Ndokusaka ndakati
kwavari: 'Havangavi nenhaka pakati pavaIsraeri.' "
25 Jehovha akati kuna Mozisi, 26 "Taura kuvaRevhi uti kwavari:
'Pamunogamuchira zvegumi kubva kuvaIsraeri zvandinokupai senhaka
yenyu, munofanira kupa chegumi chezvegumi sechipiriso chaJehovha.
27 Chipiriso chako chichaverengwa kwauri sechezviyo zvinobva paburiro
kana muto wewaini unobva pachisviniro chewaini. 28 Nenzira iyi nemiwo
munofanira kupa chipiriso kuna Jehovha kubva pazvegumi zvose zva-
munogamuchira kubva kuvaIsraeri. Kubva pazvegumi izvi, munofanira
kupa mugove waJehovha kuna Aroni muprista. 29 Munofanira kupa

* **18:16** 18:16 magiramu angaita 55

somugove waJehovha chakanakisisa uye chikamu chitsvene chezvinhu
zvose zvamunenge mapiwa.’
30 “Uti kuvaRevhi: ‘Pamunouyisa chikamu chakanakisisa, chichaga-
muchirwa kubva kwamuri sechakabva paburiro kana pachisviniro
chewaini, 31 iwe nemhuri yako mungadya henyu zvakasara zvose chero
pamunenge muri, nokuti ndiwo mubayiro wenyu webasa renyu rapa-
Tende Rokusangana. 32 Hamungazovi nemhosva pachinhu kana muchi-
uyisa chikamu chakanakisisa chacho; ipapo hamungazosvibisi zvitsvene
zvavaIsraeri, uye hamuzofi.’ ”

# 19

*Mvura yoKunatsa*

1 Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 2 “Izvi ndizvo zvinodikanwa
pamurayiro wakarayirwa naJehovha. Udza vaIsraeri kuti vakuvigire
tsiru dzvuku risina kuremara, kana charingapomerwa uye risina kum-
bosungwa pajoko. 3 Uripe kuna Ereazari muprista; rinofanira kubudiswa
kunze kwomusasa rigourayiwa pamberi pake. 4 Ipapo Ereazari muprista
anofanira kutora rimwe reropa raro nomunwe agorisasa kanomwe
akananga mberi kweTende Rokusangana. 5 Akatarisa, tsiru rinofanira
kupiswa, dehwe raro, nyama yaro namazvizvi aro. 6 Muprista anofanira
kutora huni dzomusidhari, hisopi newuru tsvuku agozvikanda pamusoro
petsiru riri kutsva. 7 Shure kwaizvozvo, muprista anofanira kusuka nguo
dzake uye azvishambidze nemvura. Ipapo angachipinda hake mumusasa,
asi achange asina kunatswa kusvikira madekwana. 8 Munhu acharipisa
naiyewo anofanira kusuka nguo dzake uye agoshamba nemvura uye
iyewo achava asina kuchena kusvikira madekwana.
9 “Munhu akachena achaunganidza madota etsiru agoaisa panzvimbo
yakanaka iri kunze kwomusasa. Achachengetwa neungano yavaIsraeri
kuti agoshandiswa pamvura yokunatsa; ndeyokunatswa kubva pachivi.
10 Munhu anounganidza madota etsiru anofanirawo kusuka nguo dzake,
naiyewo achava asina kuchena kusvikira madekwana. Mutemo uyu
uchagara uripo pakati pavaIsraeri navatorwa vagere pakati pavo.
11 “Ani naani anobata chitunha chaani zvake achava asina kuchena
kwamazuva manomwe. 12 Anofanira kuzvinatsa nemvura nezuva retatu
uye nezuva rechinomwe; ipapo achava akachena. 13 Ani naani anobata
chitunha chaani zvake akasazvinatsa anosvibisa tabhenakeri yaJehovha.
Munhu uyu anofanira kubviswa pakati pavaIsraeri. Nokuti mvura
yokunatsa haina kumbosaswa pamusoro pake, haana kuchena; kusachena
kwake kucharamba kuri paari.
14 “Uyu ndiwo murayiro unobata pamunhu anofira mutende: Ani naani
anopinda mutende uye ani zvake ari mariri achava asina kuchena kwa-
mazuva manomwe, 15 uye midziyo yose yakazarurwa, isina kukwidibirwa,
ichava isina kuchena.
16 “Ani naani ari musango anobata munhu akaurayiwa nomunondo
kana mumwe munhu akangofawo zvake, kana munhu anobata bvupa
romunhu kana guva, achava asina kuchena kwamazuva manomwe.
17 “Kana munhu asina kuchena, utore dota rinobva pachipiriso choku-
natsa chakapiswa ugoriisa muchirongo ugoridira mvura yakachena.
18 Ipapo munhu akachena anofanira kutora hisopi, ainyike mumvura
agosasa tende nemidziyo yose uye navanhu vanga varimo. Anofanira
kusasawo ani zvake akabata bvupa romunhu kana guva kana mumwe

munhu akaurayiwa kana munhu akangofawo zvake. 19 Munhu akachena
anofanira kusasa munhu asina kuchena nezuva rechitatu uye nerechi-
nomwe, uye pazuva rechinomwe anofanira kumunatsa. Munhu ari
kunatswa anofanira kusuka nguo dzake agozvishambidza nemvura, uye
manheru iwayo anofanira kuva akachena. 20 Asi kana munhu asina
kuchena akasazvinatsa, anofanira kubviswa paungano, nokuti iye asvibisa
nzvimbo tsvene yaJehovha. Mvura yokunatsa haina kumbosaswa paari,
nokudaro haana kuchena. 21 Uyu mutemo uchagara uripo kwavari.

"Munhu anosasa mvura yokunatsa anofanirawo kusuka nguo dzake,
uye ani naani anobata mvura yokunatsa achava asina kunaka kusvikira
madekwana. 22 Chinhu chose chinobatwa nomunhu asina kuchena
chinova chisina kuchena, uye ani naani anochibata anova asina kuchena
kusvikira madekwana."

# 20

*Mvura yakabva padombo*

1 Mumwedzi wokutanga, ungano yose yeIsraeri yakasvika murenje
reZini, uye vakandogara paKadheshi. Ndipo pakafira Miriamu uye
akavigwapo.

2 Zvino pakanga pasisina mvura yeungano, uye vanhu vakaungana
vakapopotera Mozisi naAroni. 3 Vakapopotera Mozisi vachiti, "Dai zvedu
takafa pakafira hama dzedu pamberi paJehovha! 4 Seiko wakauya
neungano yaJehovha murenje rino, kuti isu nezvipfuwo zvedu tifire muno.
5 Seiko wakatibudisa muIjipiti uchitiuyisa munzvimbo yakaipa kudai?
Haina zviyo kana maonde, mazambiringa kana matamba. Uye mvura
yokunwa hapana!"

6 Mozisi naAroni vakabva paungano vakaenda kumukova weTende
Rokusangana vakawira pasi nezviso zvavo, kubwinya kwaJehovha
kukaratidzwa kwavari. 7 Jehovha akati kuna Mozisi, 8 "Tora tsvimbo uye
iwe nomukoma wako Aroni muunganidze ungano pamwe chete. Utaure
kudombo pamberi pavo rigobudisa mvura yaro. Iwe uchabudisa mvura
kubva mudombo kuti vanwe ivo nezvipfuwo zvavo."

9 Saka Mozisi akatora tsvimbo pamberi paJehovha, sezvaakanga amu-
rayira. 10 Iye naAroni vakaunganidza ungano pamwe chete pamberi
pedombo, Mozisi akati kwavari, "Teererai imi vokumukira, tinofanira
kukubudisirai mvura padombo iri here?" 11 Ipapo Mozisi akasimudza
ruoko rwake akarova dombo kaviri netsvimbo yake. Mvura yakabuda,
ungano nezvipfuwo zvikanwa.

12 Asi Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, "Nokuti hamuna kuvimba
neni zvakakwana kuti mundikudze somutsvene pamberi pavaIsraeri, imi
hamuchapinzi ungano iyi munyika yandakavapa."

13 Iyi ndiyo mvura yeMeribha, apo vaIsraeri vakarwa naJehovha uye
paakazviratidza kuti mutsvene pakati pavo.

*VaEdhomu vanorambidza vaIsraeri kupfuura*

14 Mozisi akatuma nhume ari kuKadheshi kuna mambo weEdhomu,
achiti:

"Zvanzi nomunun'una wako Israeri: Iwe unoziva matambudziko
ose akatiwira. 15 Madzibaba edu akaburuka achienda kuIjipiti, tikan-
dogarako kwamakore mazhinji. VaIjipita vakatibata zvakaipa isu

namadzibaba edu, 16 asi takati tadana kuna Jehovha, akatinzwa akatuma mutumwa akatibudisa muIjipiti.

"Zvino tiri pano paKadheshi, guta riri kumucheto wenyika yenyu.
17 Tapota titendereiwo kupfuura nomunyika yenyu. Hatizopindi nomuminda ipi zvayo kana minda yemizambiringa kana kunwa zvako mvura mutsime ripi zvaro. Tichafamba hedu nomunzira huru yamambo uye hatingatsaukiri kurudyi kana kuruboshwe kusvikira tapfuura nomunyika yenyu."

18 Asi Edhomu akapindura akati:

"Hamupfuuri napano; kana mukaedza, tichabuda tigokurwisai nomunondo."

19 VaIsraeri vakapindura vakati:

"Tichaenda nenzira huru, uye kana isu kana zvipfuwo zvedu zvikanwa mvura yenyu, ticharipa. Tinongoda kupfuura tichifamba netsoka, hapanazve chimwe."

20 Vakapindurazve vachiti:

"Hamungapfuuri."

Ipapo Edhomu akauya kuzovarwisa nehondo huru uye ine simba.
21 Sezvo Edhomu akaramba kuvabvumira kupfuura nomunyika yavo, vaIsraeri vakatsauka havo kubva kwavari.

*Kufa kwaAroni*

22 Ungano yose yeIsraeri yakasimuka kubva kuKadheshi uye vakasvika
paGomo reHori. 23 PaGomo reHori, pedyo nomuganhu weEdhomu,
Jehovha akati kuna Mozisi naAroni, 24 "Aroni achachengetwa kuvanhu
vokwake. Haangapindi munyika yandakapa vaIsraeri, nokuti mose muri
vaviri makamukira murayiro wangu pamvura yepaMeribha. 25 Tora Aroni
nomwanakomana wake Ereazari ukwire navo muGomo reHori. 26 Ubvise
nguo dzaAroni udzipfekedze mwanakomana wake Ereazari nokuti Aroni achasanganiswa navanhu vokwake; achafira ipapo."

27 Mozisi akaita sezvaakanga arayirwa naJehovha: Vakakwira muGomo
reHori pamberi peungano yose. 28 Mozisi akabvisa nguo dzaAroni
akadzipfekedza mwanakomana wake Ereazari. Uye Aroni akafira ipapo pamusoro pegomo. Ipapo Mozisi naEreazari vakaburuka kubva mugomo.
29 Uye ungano yose yakati yazvinzwa kuti Aroni akanga afa, imba yose yeIsraeri yakamuchema kwamazuva makumi matatu.

# 21

*Aradhi rinoparadzwa*

1 Mambo weAradhi muKenani aigara kuNegevhi, akati anzwa kuti vaIsraeri vakanga vachiuya nenzira inoenda kuAtarimi, akarwisa vaIsraeri
akatapa vamwe vavo. 2 Ipapo vaIsraeri vakaita mhiko iyi kuna Jehovha,
vakati: "Kana mukaisa vanhu ava mumaoko edu, tichaparadza maguta
avo zvachose." 3 Jehovha akateerera chikumbiro chavaIsraeri akapa vaKenani kwavari. Vakavaparadza zvachose ivo namaguta avo; naizvozvo nzvimbo iyo ikatumidzwa kunzi Homa.

*Nyoka yeNdarira*

4 Vakafamba vachibva nokuGomo reHori vachitevedza nzira yaienda nokuGungwa Dzvuku, kuti vapoterere Edhomu. Asi vanhu vakaora

mwoyo panzira; 5 vakapopotera Mwari naMozisi, vachiti, “Makatibud-
isireiko muIjipiti kuti tizofira murenje? Chingwa hapana! Mvura hapana!
Uye hatidi zvokudya zvokungotamburira izvi!”
6 Ipapo Jehovha akatuma nyoka dzino uturu pakati pavo, dzikaruma
vanhu uye vaIsraeri vazhinji vakafa. 7 Vanhu vakauya kuna Mozisi vakati,
“Takatadza, patakapopotera Jehovha nemi. Nyengeterai kuti Jehovha
atibvisire nyoka idzi pakati pedu.” Saka Mozisi akanyengeterera vanhu.
8 Jehovha akati kuna Mozisi, “Gadzira nyoka ino uturu ugoiturika
padanda; ani naani anorumwa, akatarira kwairi achararama.” 9 Saka
Mozisi akagadzira nyoka yendarira akaiturika padanda. Ipapo vaiti
kana ani naani akange arumwa nenyoka, akatarisa panyoka yendarira,
airarama.

### *Rwendo rwokuenda kuMoabhu*

10 VaIsraeri vakaramba vachifamba vakandodzika musasa paObhoti.
11 Ipapo vakasimuka kubva paObhoti vakandodzika musasa paIye Ab-
harimi, mugwenga rakatarisana neMoabhu kwakanangana nokumabu-
dazuva. 12 Kubva ipapo vakaenderera mberi vakandodzika musasa
muMupata weZeredhi. 13 Vakasimuka vakabvapo vakandodzika musasa
mujinga meAnoni, riri murenje rinosvika kunyika yavaAmori. Anoni
ndiwo muganhu weMoabhu, pakati peMoabhu navaAmori. 14 Ndokusaka
Bhuku reHondo dzaJehovha richiti:
“Wahebhi muSufa nehova,
Anoni 15 nemateru ehova
dzinonanga kunzvimbo yeAri
uye dzinowanikwa pamuganhu weMoabhu.”
16 Kubva ipapo vakapfuurira mberi vachienda vakasvika kuBheeri, pat-
sime apo pakanzi naJehovha kuna Mozisi, “Unganidza vanhu pamwe chete
uye ini ndichavapa mvura.”
17 Ipapo vaIsraeri vakaimba rwiyo urwu:
“Tubuka, iwe tsime!
Imbai pamusoro paro,
18 pamusoro petsime rakacherwa namachinda,
rakacherwa namakurukota avanhu,
makurukota akanga ane tsvimbo dzoushe nemidonzvo.”
Ipapo vakabva murenje vakaenda kuMatana, 19 vachibva kuMatana
vakaenda kuNaharieri, vachibva kuNaharieri vakaenda kuBhamoti, 20 uye
vachibva kuBhamoti vakaenda kumupata uri muMoabhu pamusoro
pegomo rePisiga rinotarira pasi kurenje.

### *Kukundwa kwaSihoni naOgi*

21 VaIsraeri vakatuma nhume kundoti kuna Sihoni mambo wavaAmori:
22 “Titendereiwo kupfuura nomunyika yenyu. Hatingatsaukiri mu-
minda yenyu kana minda yemizambiringa, kana kunwa mvura kubva
patsime ripi zvaro. Tichangofamba hedu nomunzira huru yamambo
kusvikira tapfuura munyika yenyu.”
23 Asi Sihoni haana kutendera vaIsraeri kupfuura nomunyika yake.
Akaunganidza hondo yake yose vakafamba vachienda kurenje kundor-
wisa vaIsraeri. Akati asvika paJahazi, vakarwa navaIsraeri. 24 Kunyange
zvakadaro, vaIsraeri vakamukunda nomunondo vakamutorera nyika yake
kubva paAnoni kusvikira kuJabhoki, asi kusvikira kuvaAmoni bedzi,
nokuti muganhu wavo wakanga wakasimba. 25 VaIsraeri vakatapa maguta
ose avaAmori vakagaramo, pamwe chete neHeshibhoni nenzvimbo dzaro

dzose dzokugara. 26 Heshibhoni rakanga riri guta raSihoni mambo
wavaAmori, akanga arwa namambo akanga ari weMoabhu kare akamu-
torera nyika yake yose kundosvika kuAnoni.

27 Ndokusaka vadetembi vachiti:
"Uyai kuHeshibhoni uye ngarivakwezve;
guta raSihoni ngaridzorerwezve.

28 "Moto wakabuda muHeshibhoni,
iwo murazvo kubva muguta raSihoni.
Wakaparadza Ari reMoabhu,
ivo vagari vokwakakwirira kweAnoni.
29 Une nhamo, iwe Moabhu!
Maparadzwa, imi vanhu veKemoshi!
Akapa vanakomana vake savatizi
navanasikana vake senhapwa
kuna Sihoni mambo wavaAmori.

30 "Asi takavakunda;
Heshibhoni yakaparadzwa yose kusvikira kuDhibhoni.
Takavaparadza kusvikira kuNofa,
iyo inosvika kuMedhebha."

31 Saka vaIsraeri vakagara munyika yavaAmori.

32 Shure kwokunge Mozisi atuma vasori kuJazeri, vaIsraeri vakatapa
nzvimbo dzaro dzakanga dzakaripoteredza uye vakadzinga vaAmori
vakanga vageremo. 33 Ipapo vakadzoka vakakwidza nenzira inoenda
nokuBhashani, uye Ogi mambo weBhashani nehondo yake yose akabuda
kuti andosangana navo kuti arwe navo paEdhirei.

34 Jehovha akati kuna Mozisi, "Usamutya, nokuti ndamupa kwauri,
nehondo yake yose uye nenyika yake. Umuitire zvawakaitira Sihoni
mambo wavaAmori, uyo aitonga muHeshibhoni."

35 Saka vakamuuraya, pamwe chete navanakomana vake nehondo yake
yose, vakasiya pasina kana mupenyu. Uye vakatora nyika yake.

# 22

*Bharaki anodana Bharamu*

1 Ipapo vaIsraeri vakafamba vachienda kumapani eMoabhu vakadzika
misasa yavo vakatevedza Jorodhani nechemhiri kweJeriko.

2 Zvino Bharaki mwanakomana waZipori akaona zvose zvakanga
zvaitwa navaIsraeri kuvaAmori, 3 Moabhu akatya nokuti pakanga pane
vanhu vazhinji. Zvirokwazvo, Moabhu yakazara nokudedera nokuda
kwavaIsraeri.

4 VaMoabhu vakati kuvakuru veMidhiani, "Vanhu vazhinji ava
vachananzva zvinhu zvose zvakatipoteredza, semombe inonanzva sora
romusango."

Saka Bharaki mwanakomana waZipori, uyo akanga ari Mambo
weMoabhu panguva iyoyo, 5 akatuma nhume kundodana Bharamu
mwanakomana waBheori, uyo akanga ari paPetori, pedyo noRwizi,
munyika yaakaberekerwa. Bharaki akati:

"Vanhu vakabva kuIjipiti, vakazadza nyika yose, uye vagara pedyo
neni. 6 Zvino, uya utuke vanhu ava, nokuti simba ravo iguru kwazvo
kwandiri. Zvichida ipapo ndingagona kuvakunda ndikavadzinga

vabude munyika ino. Nokuti ndinoziva kuti avo vaunoropafadza
vanoropafadzwa, uye vaunotuka vanotukwa."

7 Vakuru veMoabhu neveMidhiani vakabva, vakatora mari yokuripa
kuvuka. Vakati vasvika kuna Bharamu vakamuudza zvakanga zvarehwa
naBharaki.

8 Bharamu akati kwavari, "Chivatai pano, ndichauya nemhinduro
yandichapiwa naJehovha." Saka machinda eMoabhu akagara naye.

9 Mwari akauya kuna Bharamu akamubvunza akati, "Vanhu vaunavo
ndivanaaniko?"

10 Bharamu akati kuna Mwari, "Bharaki mwanakomana waZipori,
mambo weMoabhu, akanditumira nhume idzi achiti, 'Vanhu vakabuda
kubva kuIjipiti vakazadza nyika yose. 11 Zvino uya unditukire vanhu ava.
Zvichida izvozvi ndingagona kurwa navo ndikavadzingira kure.' "

12 Asi Mwari akati kuna Bharamu, "Usaenda navo. Haufaniri kutuka
vanhu avo, nokuti vakaropafadzwa."

13 Fume mangwana, Bharamu akamuka akati kumachinda aBharaki,
"Dzokerai kunyika yokwenyu, nokuti Jehovha aramba kuti ndiende nemi."

14 Saka machinda eMoabhu akadzokera kuna Bharaki akati, "Bharamu
akaramba kuuya nesu."

15 Ipapo Bharaki akatumazve mamwe machinda, akawanda chose uye
aikudzwa kupinda vokutanga. 16 Vakasvika kuna Bharamu vakati:

"Zvanzi naBharaki mwanakomana waZipori: Usatendera chimwe
chinhu kukukonesa kuuya kwandiri, 17 nokuti ndichakupa mubayiro
wakanaka kwazvo uye ndichaita zvose zvaunoreva. Uya unditukire
vanhu ava."

18 Asi Bharamu akavapindura akati, "Kunyange dai Bharaki akandipa
muzinda wake uzere nesirivha negoridhe, handingagoni kuita chimwe
chinhu chikuru kana chiduku kuti tiite zvinodarika murayiro waJehovha
Mwari wangu. 19 Zvino chivatai pano manheru ano sezvakaita vamwe, ini
ndichanzwa kana Jehovha ane zvimwe zvaangandiudza."

20 Usiku ihwohwo Mwari akauya kuna Bharamu akati kwaari, "Sezvo
vanhu ava vauya kuzokudana, enda hako navo, asi uite chete zvandinoku-
udza."

### *Mbongoro yaBharamu*

21 Bharamu akamuka mangwanani, akaisa chigaro pambongoro yake
akaenda namachinda eMoabhu. 22 Asi Mwari akamutsamwira zvikuru
paakaenda, uye mutumwa waJehovha akamira munzira kuti amukonese.
Bharamu akanga akatasva mbongoro yake, uye varanda vake vaviri vaiva
naye. 23 Mbongoro yakati ichiona mutumwa waJehovha amire mun-
zira ane munondo wakavhomorwa muruoko rwake, yakabuda munzira
ikapinda mumunda. Bharamu akairova kuti idzokere munzira.

24 Ipapo mutumwa waJehovha akamira pakamanikana pakati peminda
miviri yemizambiringa, paiva namasvingo kumativi ose. 25 Mbongoro
yakati ichiona mutumwa waJehovha, yakazvimanikidzira kurusvingo
ikatsimbirira rutsoka rwaBharamu parwuri. Saka akapamhazve kuirova.

26 Ipapo mutumwa waJehovha akapfuurira mberi akandomira
panzvimbo yakamanikana pakanga pasina mukana wokutendeukira
kurudyi kana kuruboshwe. 27 Mbongoro yakati ichiona mutumwa
waJehovha, yakavata pasi paBharamu, iye akatsamwa zvikuru akairova
netsvimbo yake. 28 Ipapo Jehovha akashamisa muromo wembongoro,

ikati kuna Bharamu, "Ndaiteiko kwamuri zvaita kuti mundirove katatu
kose aka?"
29 Bharamu akapindura mbongoro akati, "Wandiita benzi iwe! Dai
ndanga ndiine munondo muruoko rwangu ndingadai ndakuuraya
izvozvi."
30 Mbongoro yakati kuna Bharamu, "Ko, handisi mbongoro yenyu,
yamunogara muchitasva kusvikira zuva rino here? Ko, ndinogara
ndichikuitirai zvakadai here?"

Iye akati, "Kwete."

31 Ipapo Jehovha akasvinudza meso aBharamu, iye akaona mutumwa
waJehovha amire munzira ane munondo wake wakavhomorwa. Saka
akakotama akawira pasi nechiso chake.

32 Mutumwa waJehovha akamubvunza achiti, "Warovereiko mbongoro
yako rutatu rwose urwu? Ini ndauya pano kuzokudzivisa nokuti nzira
yako haina kururama kwandiri. 33 Mbongoro yandiona ikatsauka ichibva
pandiri katatu aka kose. Dai isina kutsauka, zvirokwazvo ndingadai
ndakuuraya izvozvi, asi iyo ndairaramisa."

34 Bharamu akati kumutumwa waJehovha, "Ndatadza. Handina kuziva
kuti manga mumire munzira kuti mundidzivise. Zvino kana musingafari,
ndodzokera hangu."

35 Mutumwa waJehovha akati kuna Bharamu, "Chienda hako navarume
ava, asi utaure zvandinokuudza zvoga." Saka Bharamu akaenda na-
machinda aBharaki.
36 Bharaki akati anzwa kuti Bharamu akanga achiuya, akabuda kuti
andosangana naye paguta ravaMoabhu pamuganhu weAnoni, kumagumo
kwenyika yake. 37 Bharaki akati kuna Bharamu, "Handina kukudana
nokukurumidza here? Seiko usina kuuya kwandiri? Ini handigoni kukupa
mubayiro here?"

38 Bharamu akapindura akati, "Zvakanaka, zvino ndauya kwauri. Asi
ndingataura zvose zvose here? Ndinofanira kungotaura chete zvinenge
zvaiswa mumuromo mangu naMwari."

39 Ipapo Bharamu akaenda naBharaki kuKiriati Huzoti. 40 Bharaki
akabayira mombe namakwai, akapa zvimwe kuna Bharamu namachinda
akanga anaye. 41 Fume mangwana, Bharaki akatora Bharamu akakwidza
naye kuBhamoti Bhaari, uye ikoko akaona chikamu chavanhu.

# 23

*Chirevo chaBharamu Chokutanga*

1 Bharamu akati, "Ndivakirei aritari nomwe pano, mugondigadzirira
hando nomwe namakondobwe manomwe." 2 Bharaki akaita sezvakatau-
rwa naBharamu, uye vose vari vaviri vakabayira hando negondobwe
paaritari imwe neimwe.

3 Ipapo Bharamu akati kuna Bharaki, "Gara pano parutivi pechipiriso
chako, ini ndimbotsaukira parutivi apa. Zvichida Jehovha angauya
kuzosangana neni. Zvose zvaanondiratidza, ndichazokuudza." Ipapo
akabva akaenda pakakwirira, pakanga pasina chinhu.

4 Mwari akasangana naye, Bharamu akati, "Ndagadzira aritari nomwe
uye paaritari imwe neimwe ndabayira hando negondobwe."

5 Jehovha akaisa shoko mumuromo waBharamu akati, "Dzokera kuna
Bharaki utaure kwaari shoko iri."

6 Saka akadzokera kwaari akamuwana amire parutivi rwechipiriso
chake, ana machinda ose eMoabhu. 7 Ipapo Bharamu akataura chirevo
chake akati:
“Bharaki akanditora kubva kuAramu,
iye mambo weMoabhu kubva kumakomo okumabvazuva. Akati,
‘Uya unditukirewo Jakobho;
uya, utsoropodze Israeri.’
8 Ndingatuka seiko
avo vasina kutukwa naMwari?
Ndingatsoropodza seiko
avo vasina kutsoropodzwa naJehovha?
9 Ndiri pamusoro pamatombo, ndinovaona,
ndiri pakakwirira, ndinovaona.
Ndinoona vanhu vanogara vari voga
uye havazviverengi pakati pendudzi.
10 Ndianiko angaverenga guruva raJakobho
kana kuverenga chikamu chechina chaIsraeri?
Regai ndife rufu rwowakarurama,
uye kuguma kwangu ngakuve sokwavo!”
11 Bharaki akati kuna Bharamu, “Waiteiko kwandiri? Ndakakutora kuti
uzotuka vavengi vangu, asi hauna chinhu chawaita asi kutovaropafadza!”
12 Iye akapindura akati, “Ko, handifaniri kuti nditaure zvaiswa mu-
muromo mangu naJehovha here?”

*Chirevo chaBharamu Chechipiri*

13 Ipapo Bharaki akati kwaari, “Uya uende neni kune imwe nzvimbo
yaunogona kuvaona; uchangoona chikamu chavo asi kwete vose. Uye
uri ipapo ugonditukira vanhu ava.” 14 Saka akamutora akaenda naye
kumunda waZofimi pamusoro pePisiga, uye akavaka aritari nomwe ipapo
akabayira hando negondobwe paaritari imwe neimwe.
15 Bharamu akati kuna Bharaki, “Gara pano iwe parutivi rwechipiriso
chako ini ndichindosangana naye uko.”
16 Jehovha akasangana naBharamu akaisa shoko mumuromo make
akati, “Dzokera kuna Bharaki undotaura mashoko aya.”
17 Saka akadzokera kwaari akamuwana amire parutivi rwechipiriso
chake, ana machinda eMoabhu. Bharaki akamubvunza akati, “Jehovha
ati kudiniko?”
18 Ipapo akataura chirevo chake akati:
“Simuka, Bharaki, uye uteerere;
ndinzwe, iwe mwanakomana waZipori.
19 Mwari haasi munhu, kuti angareva nhema,
uye mwanakomana womunhu kuti ashandure pfungwa dzake.
Ko, anotaura akasazviita here?
Anovimbisa akasazadzisa here?
20 Ndakagamuchira murayiro wokuti ndiropafadze;
iye aropafadza, uye ini handigoni kuzvishandura.

21 “Haana kuona chakaipa kuna Jakobho,
hapana chakashata chakaonekwa muIsraeri.
Jehovha Mwari wavo anavo;
kudanidzira kwaMambo kuri pakati pavo.
22 Mwari akavabudisa muIjipiti;
vane simba renyati.

23 Hapana un'anga hungarwa naJakobho,
hapana kuvuka kunorwa naIsraeri.
Zvino zvichanzi pamusoro paJakobho,
napamusoro paIsraeri, 'Tarirai zvaitwa naMwari!'
24 Vanhu vanosimuka seshumba hadzi;
vanozvisimudza seshumba
isingazorori kusvikira yadya chayauraya
uye igonwa ropa rezvayabata."
25 Ipapo Bharaki akati kuna Bharamu, "Usatombovatuka kana ku-
varopafadza napaduku!"
26 Asi Bharamu akapindura akati, "Handina kukuudza here kuti ndino-
fanira kuita zvose zvinotaurwa naJehovha?"

*Chirevo chaBharamu Chechitatu*

27 Ipapo Bharaki akati kuna Bharamu, "Uya, ndiende newe kune imwe
nzvimbo. Zvimwe Mwari achafara nazvo kuti unditukire vanhu ava
ikoko." 28 Saka Bharaki akatora Bharamu akakwira naye pamusoro
pePeori pakatarisana nerenje.
29 Bharamu akati, "Ndivakire aritari nomwe pano, ugogadzira hando
nomwe namakondobwe manomwe." 30 Bharaki akaita sezvakanga
zvataurwa naBharamu, akabayira hando negondobwe paaritari imwe
neimwe.

# 24

1 Zvino Bharamu akati aona kuti zvinofadza Jehovha kuti aropafadze
Israeri, haana kuzoita zvouroyi sepane dzimwe nguva, asi akaringisa chiso
chake kurenje. 2 Bharamu akati atarisa kunze akaona vaIsraeri vagere
pamusasa, rudzi norudzi, Mweya waMwari wakauya pamusoro pake 3 uye
akataura chirevo chake achiti:
"Chirevo chaBharamu mwanakomana waBheori,
chirevo chaiye ana meso anonyatsoona,
4 chirevo chaiye anonzwa mashoko aMwari,
anoona chiratidzo chinobva kuna Wamasimba Ose,
anowira pasi nedumbu rake, uye ana meso akasvinura.

5 "Matende ako akanaka seiko, iwe Jakobho,
nougaro hwako, iwe Israeri!

6 "Semipata, vakaita fararira,
samapindu pedyo norwizi,
segavakava rakasimwa naJehovha, s
semisidhari pedyo nemvura.
7 Mvura ichayerera ichibva muzvirongo zvavo;
mbeu dzavo dzichawana mvura yakawanda.

"Mambo wavo achava mukuru kupinda Agagi;
umambo hwavo huchasimudzirwa.

8 "Mwari akavabudisa muIjipiti;
vane simba renyati.
Vanomedza ndudzi dzine hasha
uye vanovhuna-vhuna mapfupa adzo;
Vanovabaya nemiseve yavo.

9 Seshumba vanoti vhumba vagovata pasi,
seshumbakadzi, ndianiko angashinga kuvamutsa?

“Vose vanokuropafadza, ngavaropafadzwe
uye vose vanokutuka, ngavatukwe!”
10 Ipapo kutsamwa kwaBharaki kwakapfuta pamusoro paBharamu.
Akarova maoko ake pamwe chete akati kwaari, “Ndakakudanira kuzotuka
vavengi vangu, asi wavaropafadza katatu kose aka. 11 Zvino chibva izvozvi
uende kwako! Ndakati ndichakupa mubayiro wakaisvonaka, asi Jehovha
akudzivisa kuti upiwe mubayiro.”
12 Bharamu akapindura Bharaki akati, “Ko, handina kutaurira nhume
dzawakatuma kwandiri here kuti, 13 ‘Kunyange dai Bharaki andipa
muzinda wake wakazara nesirivha negoridhe, handaigona kuita chinhu
nokuda kwangu, chakanaka kana chakaipa, kuti ndidarike murayiro
waJehovha, uye kuti ndinofanira kutaura chete zvinenge zvataurwa
naJehovha here’? 14 Zvino ndava kudzokera kuvanhu vokwangu, asi uya
ndikuyambire zvichaitirwa vanhu vako navanhu ava pamazuva anouya.”

### *Chirevo chaBharamu Chechina*

15 Ipapo akataura chirevo chake akati:
“Chirevo chaBharamu mwanakomana waBheori,
chirevo chaiye anoona zvakajeka,
16 chirevo chaiye anonzwa mashoko aMwari,
ano ruzivo runobva kuno Wokumusoro-soro,
anoona chiratidzo chinobva kuna Wamasimba Ose,
anowira pasi nedumbu rake, uye ana meso akasvinura:

17 “Ndiri kumuoona, asi kwete iye zvino;
ndinomuona, asi haasi pedyo.
Nyeredzi ichabuda muna Jakobho;
Tsvimbo youshe ichamera kubva muna Israeri.
Achapwanya huma dzavaMoabhu,
madehenya avanakomana vose vaSeti.
18 Edhomu achakundwa;
Seiri, muvengi wake, achakundwa,
asi Israeri achasimba.
19 Mutongi achabuda muna Jakobho
uye achaparadza vakasara veguta.”

### *Zvirevo zvaBharamu Zvokupedzisira*

20 Ipapo Bharamu akaona Amareki uye akataura chirevo chake achiti:
“Amareki akanga ari wokutanga pakati pendudzi,
asi pakupedzisira achaparadzwa.”
21 Ipapo akaona vaKeni uye akataura chirevo chake achiti:
“Ugaro hwako hwakachengetedzeka,
dendere rako rakavakwa padombo;
22 asi imi vaKeni muchaparadzwa,
Ashuri paachakutapai.”
23 Ipapo akataura chirevo chake akati:
“Haiwa, ndianiko angararama kana Mwari akaita izvi?
24 Zvikepe zvichauya zvichibva kumahombekombe eKitimu;
zvichakunda Ashuri neEbheri,
asi naizvowo zvichaparadzwa.”

[25] Ipapo Bharamu akasimuka akadzokera kunyika yake, uye Bharaki
akaenda kwakewo.

# 25

*Moabhu anonyengera Israeri*

[1] Panguva yakanga igere Israeri paShitimu, varume vakatanga kuita up-
ombwe navakadzi vokuMoabhu, [2] avo vakavakoka kuti vauye kuzvibayiro
zvavamwari vavo. Vanhu vakadya, vakapfugamira vamwari ava. [3] Saka
Israeri akabatana navo pakunamata Bhaari wePeori, uye kutsamwa
kwaJehovha kukapfuta pamusoro pavo.

[4] Jehovha akati kuna Mozisi, "Tora vatungamiri vose vavanhu ava,
uvauraye uvaise pachena masikati machena pamberi paJehovha, kuti
kutsamwa kunotyisa kwaJehovha kudzorwe kubva pana Israeri."

[5] Saka Mozisi akati kuvatongi veIsraeri, "Mumwe nomumwe wenyu
anofanira kuuraya varume ava vari pakati penyu, avo vakazvibatanidza
pakunamata Bhaari wePeori."

[6] Ipapo mumwe murume muIsraeri akauyisa kumhuri yake mukadzi
womuMidhiani pamberi paMozisi chaipo, ungano yose yaIsraeri
pavakanga vachichema vari pamukova weTende Rokusangana. [7] Finehasi
mwanakomana waEreazari, mwanakomana waAroni, muprista, akati
achizviona, akabva paungano, akatora pfumo muruoko rwake; [8] uye
akatevera muIsraeri uyo mutende. Akavabaya vose vari vaviri nepfumo
kamwe chete, rikabaya muIsraeri rikapfuurira kundobaya muviri womu-
Midhiani. Ipapo denda rakanga riri pamusoro pavaIsraeri rakaguma; [9] asi
vose vakanga vafa nedenda vakasvika zviuru makumi maviri nezvina.

[10] Jehovha akati kuna Mozisi, [11] "Finehasi mwanakomana waEreazari,
mwanakomana waAroni, muprista adzora kutsamwa kwangu kubva
pavaIsraeri; nokuti akanga ane shungu sedzangu nokuda kwokusakudzwa
kwangu pakati pavo, saka handina kuzovaparadza neshungu dzangu.
[12] Naizvozvo umuudze kuti ndava kuita sungano yorugare naye. [13] Iye
nezvizvarwa zvake vachava nesungano youprista husingaperi, nokuti
akanga ane shungu nokukudzwa kwaMwari wake, akayananisira vaIs-
raeri."

[14] Zita romuIsraeri akaurayiwa pamwe chete nomukadzi muMidhiani
rainzi Zimuri mwanakomana waSaru, mutungamiri weimwe mhuri
yaSimeoni. [15] Uye zita romukadzi muMidhiani akaurayiwa rakanga
richinzi Kozibhi, mwanasikana waZuri, mukuru weimwe mhuri yavaMid-
hiani.

[16] Jehovha akati kuna Mozisi, [17] "Muone vaMidhiani savavengi uye
mugovauraya, [18] nokuti ivo vakakuonai savavengi pavakakunyengerai
paPeori uye nehanzvadzi yavo Kozibhi, mwanasikana womutungamiri
wavaMidhiani, iye mukadzi akaurayiwa pakauya denda nokuda kwePe-
ori."

# 26

*Kuverengwa kwechipiri*

[1] Shure kwedenda Jehovha akati kuna Mozisi naEreazari mwanakomana
waAroni, muprista, [2] "Verengai ungano yose yavaIsraeri nemhuri dzavo,
vose vana makore makumi maviri kana anodarika vanogona kurwa
muhondo yaIsraeri." [3] Saka Mozisi naEreazari muprista vakataura
navo pamapani eMoabhu paJorodhani nechokumhiri kweJeriko vakati,

4 “Verengai varume vana makore makumi maviri kana anodarika, sez-
vakarayirwa Mozisi naJehovha.”

Ava ndivo vaIsraeri vakabuda kubva muIjipiti:

5 Zvizvarwa zvaRubheni mwanakomana wedangwe waIsraeri zvaiva:
Hanoki, kwakabva mhuri yaHanoki;
Paru, kwakabva mhuri yaParu;
6 Hezironi, kwakabva mhuri yaHezironi;
Kami, kwakabva mhuri yaKami.
7 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaRubheni; vakaverengwa
vakanga vari zviuru makumi mana nezvitatu, namazana
manomwe ana makumi matatu.
8 Mwanakomana waParu akanga ari Eriabhi, 9 uye vanakomana
vaEriabhi vakanga vari Nemueri, Dhatani naAbhiramu. Dhatani
naAbhiramu ndivo vatungamiri veungano vaya vakamukira Mozisi
naAroni uye vakanga vari pakati pavateveri vaKora pavakamukira
Jehovha. 10 Nyika yakashamisa muromo wayo ikavamedza pamwe
chete naKora, boka iroro parakafa, moto pawakaparadza varume
mazana maviri namakumi mashanu. Uye ivo vakava chiratidzo
cheyambiro. 11 Kunyange zvakadaro, rudzi rwaKora haruna
kuparara.

12 Zvizvarwa zvaSimeoni nemhuri dzavo zvaiva:
Nemueri kwakabva mhuri yavaNemueri;
Jamini, kwakabva mhuri yavaJamini;
Jakini, kwakabva mhuri yavaJakini;
13 Zera, kwakabva mhuri yavaZera;
Shauri kwakabva mhuri yavaShauri.
14 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaSimeoni; pakanga pane
varume zviuru makumi maviri nezviviri namazana maviri.

15 Zvizvarwa zvaGadhi nemhuri dzavo zvaiva:
Zofani, kwakabva mhuri yavaZofani;
Hagi, kwakabva mhuri yavaHagi;
Shumi, kwakabva mhuri yavaShumi;
16 Ozini, kwakabva mhuri yavaOzini;
Eri, kwakabva mhuri yavaEri;
17 Arodhi, kwakabva mhuri yavaArodhi;
Areri kwakabva mhuri yavaAreri.
18 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaGadhi; vakaverengwa
vakanga vari zviuru makumi mana, namazana mashanu.

19 Eri naOnani vakanga vari vanakomana vaJudha, asi vakafira
muKenani.
20 Zvizvarwa zvaJudha nemhuri dzavo zvaiva:
Shera, kwakabva mhuri yavaSherani;
Perezi, kwakabva mhuri yavaPerezi;
Zera, kwakabva mhuri yavaZera;
21 Zvizvarwa zvaPerezi zvaiva:
Hezironi, kwakabva mhuri yavaHezironi;
Hamuri, kwakabva mhuri yavaHamuri.

22 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaJudha; vakaverengwa
vakanga vari zviuru makumi manomwe nezvitanhatu, na-
mazana mashanu.

23 Zvizvarwa zvaIsakari nemhuri dzavo zvaiva:
Tora, kwakabva mhuri yavaTora;
Pua kwakabva mhuri yavaPua;
24 Jashubhi kwakabva mhuri yavaJashubhi;
Shimironi kwakabva mhuri yavaShimironi.
25 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaIsakari; vakaverengwa
vakanga vari zviuru makumi matanhatu nezvina, namazana
matatu.

26 Zvizvarwa zvaZebhuruni nemhuri dzavo zvaiva:
Seredhi, kwakabva mhuri yavaSeredhi;
Eroni, kwakabva mhuri yavaEroni;
Jareeri, kwakabva mhuri yavaJareeri.
27 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaZebhuruni; vakaverengwa
vakanga vari zviuru makumi matanhatu, namazana mashanu.

28 Zvizvarwa zvaJosefa nemhuri dzavo kubudikidza naManase
naEfuremu zvakanga zvakadai:
29 Zvizvarwa zvaManase:
Makiri kwakabva mhuri yavaMakiri (Makiri akanga ari baba va-
Gireadhi);
Gireadhi kwakabva mhuri yavaGireadhi.
30 Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaGireadhi:
Iezeri, kwakabva mhuri yaIezeri;
Hereki, kwakabva mhuri yavaHereki;
31 Asirieri, kwakabva mhuri yavaAsirieri;
Shekemu, kwakabva mhuri yavaShekemu;
32 Shemidha, kwakabva mhuri yavaShemidha;
Heferi, kwakabva mhuri yavaHeferi.
33 (Zerofehadhi mwanakomana waHeferi akanga asina vanako-
mana; akanga achingova navanasikana bedzi, mazita avo aiva:
Mara, Noa, Hogira, Mirika naTiriza.)
34 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaManase; vakaverengwa
vakanga vari zviuru makumi mashanu nezviviri, namazana
manomwe.
35 Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaEfuremu nemhuri dzavo:
Shutera, kwakabva mhuri yaShutera;
Bhekeri, kwakabva mhuri yaBhekeri;
Tahani, kwakabva mhuri yaTahani.
36 Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaShutera:
Erani, kwakabva mhuri yaErani.
37 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaEfuremu; vakaverengwa
vakanga vari zviuru makumi matatu nezviviri, namazana
mashanu.
Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaJosefa nemhuri dzavo.

38 Zvizvarwa zvaBhenjamini nemhuri dzavo zvaiva:
Bhera, kwakabva mhuri yavaBhera;

Ashibheri, kwakabva mhuri yavaAshibheri;
Ahiramu, kwakabva mhuri yaAhiramu;
39 Shufami, kwakabva mhuri yavaShufami;
Hufami, kwakabva mhuri yavaHufami.
40 Zvizvarwa zvaBhera kubudikidza naAradhi naNaamani zvaiva:
Aradhi, kwakabva mhuri yavaAradhi;
Naamani, kwakabva mhuri yavaNaamani.
41 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaBhenjamini; vakaverengwa vakanga vari zviuru makumi mana nezvishanu, namazana matanhatu.

42 Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaDhani nemhuri dzavo:
Shuhami, kwakabva mhuri yavaShuhami.
Idzi ndidzo dzaiva mhuri dzaDhani: 43 Vose vakanga vari vemhuri yaShuhami; uye vakaverengwa vakanga vari zviuru makumi matanhatu nezvina, namazana mana.

44 Zvizvarwa zvaAsheri nemhuri dzavo zvaiva:
Imina, kwakabva mhuri yavaImina;
Ishivhi, kwakabva mhuri yavaIshivhi;
Bheria, kwakabva mhuri yavaBheria;
45 uye kubudikidza nezvizvarwa zvavaBheria:
Hebheri, kwakabva mhuri yavaHebheri;
Marikieri, kwakabva mhuri yavaMarikieri.
46 Asheri akanga ane mwanasikana ainzi Sera.
47 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaAsheri; vakaverengwa vakanga vari zviuru makumi mashanu nezvitatu, namazana mana.

48 Zvizvarwa zvaNafutari nemhuri dzavo zvaiva:
Jazeeri, kwakabva mhuri yavaJazeeri;
Guni, kwakabva mhuri yavaGuni;
49 Jezeri, kwakabva mhuri yavaJezeri;
Shiremi, kwakabva mhuri yavaShiremi.
50 Idzi ndidzo dzakanga dziri mhuri dzaNafutari; vakaverengwa vakanga vari zviuru makumi mana nezvishanu, namazana mana.

51 Uwandu hwavarume veIsraeri hwaisvika zviuru mazana matanhatu nechimwe, namazana manomwe ana makumi matatu.

52 Jehovha akati kuna Mozisi, 53 "Nyika inofanira kugoverwa kwavari
senhaka zvichienderana namazita akaverengwa. 54 Kuna vaya vanenge
vakawanda, unofanira kuvapa nhaka huru, vashoma unovapa nhaka
duku; mhuri imwe neimwe inofanira kupiwa zvakaenzana nouwandu
hwokuverengwa kwavo. 55 Unofanira kuona kuti nyika yagoverwa ne-
mijenya. Nhaka ichagoverwa mhuri imwe neimwe ichange iri maererano
namazita orudzi rwamadzitateguru avo. 56 Nhaka imwe neimwe inofanira
kugoverwa nemijenya pakati pemhuri huru nemhuri duku."

57 Ava ndivo vaRevhi vakaverengwa nemhuri dzavo:

Gerishoni, kwakabva mhuri yavaGerishoni;
Kohati, kwakabva mhuri yavaKohati;
Merari, kwakabva mhuri yavaMerari.
58 Ava ndivo vakanga vari mhuri dzaRevhi:
mhuri yavaRibhini,
mhuri yavaHebhuroni,
mhuri yavaMari,
mhuri yavaMushi,
mhuri yavaKora.
(Kohati akanga ari baba vaAmurami; 59 zita romukadzi waAmurami
rainzi Jokebhedhi, chizvarwa chaRevhi, akaberekwa kuvaRevhi
muIjipiti. Akaberekera Amurami Aroni, Mozisi nehanzvadzi yake
Miriamu. 60 Aroni ndiye akanga ari baba vaNadhabhi naAbhihu,
Ereazari naItamari. 61 Asi Nadhabhi naAbhihu vakafa pavakaita
chipiriso nomoto usina kufanira pamberi paJehovha.)

62 Varume vose pakati pavaRevhi, vaiva nomwedzi mumwe chete kana kupfuura pakuberekwa vaisvika zviuru makumi maviri nezvitatu. Havana kuverengwa pamwe chete navamwe vaIsraeri nokuti havana kupiwa nhaka pakati pavo.

63 Ava ndivo vakaverengwa naMozisi naEreazari muprista pavakav-
erenga vaIsraeri pamapani eMoabhu paJorodhani uchibva mhiri kuJeriko.
64 Hapana kana mumwe wavo akanga ari pakati pavaya vakaverengwa
naMozisi naAroni muprista, pavakaverenga vaIsraeri murenje reSinai.
65 Nokuti Jehovha akanga audza vaIsraeri avo kuti zvirokwazvo vaizofira
murenje, uye hakuna kana mumwe wavo akasara kunze kwaKarebhu
mwanakomana waJefune naJoshua mwanakomana waNuni.

# 27

*Vanasikana vaZerofehadhi*

1 Vanasikana vaZerofehadhi, mwanakomana waHeferi, mwanako-
mana waGireadhi, mwanakomana waMakiri, mwanakomana waManase,
vakanga vari vemhuri dzaManase mwanakomana waJosefa. Mazita
avanasikana akanga ari: Mara, Noa, Hogira, Mirika naTiza. 2 Vakasvika pa-
mukova weTende Rokusangana vakamira pamberi paMozisi, naEreazari
muprista, vatungamiri, neungano yose, vakati, 3 "Baba vedu vakafira
murenje. Vakanga vasiri pakati pavateveri vaKora, avo vakabatana
pamwe chete kuti vamukire Jehovha, asi vakafira chivi chavowo
vakasasiya vanakomana. 4 Ko, zita rababa vedu ragoshayikwa seiko
pamhuri yavo, nokuti vakanga vasina mwanakomana here? Tipeiwo
nhaka pakati pehama dzababa vedu."

5 Saka Mozisi akasvitsa nyaya yavo pamberi paJehovha 6 Uye Jehovha
akati kwaari, 7 "Zvinorehwa navanasikana vaZerofehadhi ndezvechok-
wadi. Zvirokwazvo unofanira kuvapa nhaka pakati pehama dzababa vavo
ugodzorera nhaka yababa vavo kwavari.

8 "Uti kuvaIsraeri, 'Kana murume akafa akasasiya mwanakomana,
munofanira kudzorera nhaka yake kumwanasikana wake. 9 Kana
asina mwanasikana, mupe nhaka yake kumadzikoma ake kana va-
nun'una vake. 10 Kana asina madzikoma kana vanun'una, mupe nhaka
yake kuvanun'una kana madzikoma ababa vake. 11 Kana baba vake

vasina madzikoma kana vanun'una, mupe nhaka yake kuhama yepedyo
yomumhuri yake, kuti ive yake. Uyu unofanira kuva mutemo kuvaIsraeri,
sezvakarayirwa Mozisi naJehovha.' "

### *Joshua anotevera Mozisi pautungamiri*

12 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Kwira pamusoro pegomo iri
romuAbharimi ugoona nyika yandakapa vaIsraeri. 13 Mushure mokunge
waona, newewo uchasanganiswa navanhu vokwako, sezvakaita Aroni
mukoma wako, 14 nokuti ungano payakandimukira pamvura yomuRenje
reZini, mose muri vaviri hamuna kuteerera murayiro wangu kuti mundi-
remekedze somutsvene pamberi pavo." (Iyi ndiyo mvura yapaMeribha
Kadheshi, muRenje reZini.)
15 Mozisi akati kuna Jehovha, 16 "Jehovha, Mwari wemweya yamarudzi
ose avanhu, ngaagadze murume pamusoro peungano iyi 17 kuti abude
nokupinda pamberi pavo, uyo achavabudisa nokuvapinza, kuti vanhu
vaJehovha varege kuva samakwai asina mufudzi."
18 Saka Jehovha akati kuna Mozisi, "Tora Joshua mwanakomana
waNuni, murume ano mweya maari, ugoisa ruoko rwako pamusoro
pake. 19 Unofanira kumumisa pamberi paEreazari muprista napamberi
peungano yose ugomurayira pamberi pavo. 20 Umupe rimwe simba rako
kuti ungano yose yavaIsraeri igomuteerera. 21 Anofanira kumira pamberi
paEreazari muprista, uyo achamubvunzira pamberi paJehovha nokutonga
kweUrimi. Pakurayira kwake, vanofanira kubuda iye neungano yose
yavaIsraeri uye pakurayira kwake ivo vachapinda."
22 Mozisi akaita sezvaakarayirwa naJehovha. Akatora Joshua akamu-
misa pamberi paEreazari muprista napamberi peungano yose. 23 Ipapo
akaisa maoko ake pamusoro pake akamurayira, sezvakanga zvarayirwa
Mozisi naJehovha.

# 28

### *Zvipiriso zvamazuva ose*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Upe murayiro uyu kuvaIsraeri, uti
kwavari, 'Onai kuti maisa pamberi pangu panguva yakatarwa, zvokudya
zvangu zvezvipiriso zvinoitwa nomoto, sezvinonhuhwira zvinondifadza.'
3 Uti kwavari: 'Ichi ndicho chipiriso chakaitwa nomoto chamunofanira
kupa kuna Jehovha: makwayana maviri egore rimwe chete asina
kuremara, sechipiriso chinopiswa chamazuva ose, zuva rimwe ner-
imwe. 4 Ugadzire gwayana rimwe chete mangwanani uye rimwe racho
panguva yamadekwana, 5 pamwe chete nechipiriso chezviyo, chegumi
cheefa[*] youpfu hwakatsetseka hwakavhenganiswa nechikamu chimwe
chete muzvina chehini[†] yamafuta omuorivhi akasvinwa. 6 Ichi ndicho
chipiriso chinopiswa chamazuva ose chakatarwa paGomo reSinai kuti
chive munhuwi unonhuhwira zvinofadza, chipiriso chinoitirwa Jehovha
nomoto. 7 Panobayirwa gwayana rimwe nerimwe, chipiriso chokunwa
chinopiwa panguva imwe cheteyo chinofanira kuva chikamu chimwe
chete muzvina chehini, chezvinonhuhwira zvakaviriswa. Udurure
chipiriso chinonwiwa kuna Jehovha panzvimbo tsvene. 8 Ugadzire
gwayana rechipiri panguva dzamadekwana, pamwe chete nechipiriso
chezviyo nechipiriso chinonwiwa, zvakafanana nezvamangwanani. Ichi

[*] **28:5** 28:5 marita angaita 2, uyewo nomundima 13, 21 ne29 [†] **28:5** 28:5 rita uyewo nomundima 7 ne14

ndicho chipiriso chinoitwa nomoto, chinonhuhwira zvinofadza kuna
Jehovha.

### *Zvipiriso zveSabata*

9 " 'Nomusi weSabata, muite chipiriso chamakwayana maviri egore
rimwe chete asina kuremara, pamwe chete nechipiriso chacho chokunwa,
uye nechipiriso chezviyo chezvegumi zviviri zveefa‡ youpfu hwakatset-
seka, hwakavhenganiswa namafuta. 10 Ichi ndicho chipiriso chinopiswa
cheSabata rimwe nerimwe, pamusoro pechipiriso chinopiswa chamazuva
ose uye nechipiriso chacho chinonwiwa.

### *Zvipiriso zvomwedzi nomwedzi*

11 " 'Nomusi wokutanga womwedzi woga woga, mupe kuna Jehovha
chipiriso chehando duku mbiri, gondobwe rimwe chete namakwayana
makono manomwe egore rimwe chete, ose asina kuremara. 12 Pamwe
chete nehando imwe neimwe, panofanira kuva nechipiriso chezviyo
chezvegumi zviviri zveefa§ yeupfu hwakatsetseka, hwakavhenganiswa
namafuta; 13 uye negwayana rimwe nerimwe, chipiriso chezviyo
chechegumi cheefa yeupfu hwakatsetseka, hwakavhenganiswa namafuta.
Izvi ndizvo zvinoitwa pachipiriso chinopiswa, chinonhuhwira zvinofadza,
chipiriso chinoitirwa Jehovha nomoto. 14 Pamwe chete nehando imwe
neimwe, panofanira kuva nechipiriso chokunwa chehafu yehini yewaini;
pamwe chete negondobwe, chikamu chimwe chete kubva muzvitatu
chehini*; uye pamwe chete negwayana rimwe nerimwe, chikamu chimwe
chete muzvina chehini†. Ichi ndicho chipiriso chinopiswa chomwedzi
mumwe nomumwe chinofanira kupiwa pakugara kwomwedzi mumwe
nomumwe pagore. 15 Pamusoro pechipiriso chinopiswa chamazuva ose
nechipiriso chacho chokunwa, nhongo imwe chete inofanira kupiwa
sechipiriso chechivi kuna Jehovha.

### *Pasika*

16 " 'Pazuva regumi namana romwedzi wokutanga munofanira kuita
Pasika yaJehovha. 17 Pazuva regumi namana romwedzi uyu, munofanira
kuita mutambo; kwamazuva manomwe munofanira kudya chingwa
chisina mbiriso. 18 Pazuva rokutanga munofanira kuita ungano tsvene
uye murege kuita mabasa amazuva ose. 19 Mupe kuna Jehovha chipiriso
chakaitwa nomoto, chipiriso chinopiswa chehando duku mbiri, gondobwe
rimwe chete uye makwayana makono manomwe ane gore rimwe chete,
ose asina kuremara. 20 Pamwe chete nehando imwe neimwe mugadzire
chipiriso chezviyo, chezvikamu zvitatu mugumi zveefa yeupfu hwakatset-
seka, hwakavhenganiswa namafuta; pamwe chete negondobwe, zvikamu
zviviri mugumi; 21 uye pamwe chete nerimwe nerimwe ramakwayana
manomwe, chikamu chimwe chete mugumi; 22 uisewo nhongo imwe chete
yembudzi sechipiriso chechivi kuti iwe uzviyananisire. 23 Mugadzire izvi
pamwe chete nezvipiriso zvinopiswa zvamangwanani zvamazuva ose.
24 Nenzira iyi mugadzire zvokudya zvezvipiriso zvinoitwa nomoto mazuva
ose kwamazuva manomwe sezvinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha;
zvinofanira kugadzirwa pamwe chete nezvipiriso zvinopiswa nechipiriso

‡ **28:9** 28:9 marita angaita 4.5, uyewo nomundima 12, 20, 28 § **28:12** 28:12 marita angaita 6.5, uyewo nomundima 20 ne28 * **28:14** 28:14 marita angaita 2 † **28:14** 28:14 marita angaita 1.2

chacho chinonwiwa. 25 Pazuva rechinomwe muite ungano tsvene uye
murege kuita basa ramazuva ose.

### *Mutambo waMavhiki*

26 " 'Pazuva rezvibereko zvokutanga, pamunopa zvipiriso zvenyu kuna
Jehovha, zvezvitsva zvezviyo panguva yoMutambo weMavhiki, muite
ungano tsvene uye murege kuita basa ramazuva ose. 27 Mupe chipiriso
chinopiswa chehando duku mbiri, gondobwe rimwe chete uye mak-
wayana manomwe makono egore rimwe chete, chive chipiriso chinofadza
kuna Jehovha. 28 Pamwe chete nehando imwe neimwe, panofanira
kuva nechipiriso chezviyo chezvikamu zvitatu mugumi zveefa yeupfu
hwakatsetseka hwakavhenganiswa namafuta; pamwe chete negondo-
bwe, zvikamu zviviri mugumi; 29 uye nerimwe nerimwe ramakwayana
manomwe, chikamu chimwe chete mugumi. 30 Muisewo nhongo imwe
chete kuti muzviyananisire. 31 Mugadzire izvi pamwe chete nezvipiriso
zvazvo zvokunwa, pamusoro pezvipiriso zvinopiswa zvamazuva ose uye
nechipiriso chacho chezviyo. Munofanira kuva nechokwadi kuti zvipfuwo
zvacho hazvina kuremara.

## 29

### *Mutambo weHwamanda*

1 " 'Pazuva rokutanga romwedzi wechinomwe, muite ungano tsvene
uye murege kubata basa ramazuva ose. Izuva rokuti muridze hwa-
manda. 2 Munofanira kugadzirira Jehovha chipiriso chinopiswa chehando
imwe chete duku, gondobwe rimwe chete uye makwayana makono
manomwe egore rimwe chete, ose asina kuremara, zvive zvinonhuhwira
zvinofadza pamberi paJehovha. 3 Mugadzire pamwe chete nehando
duku chipiriso chezviyo chezvikamu zvitatu mugumi zveefa* yeupfu
hwakatsetseka hwakavhenganiswa pamwe chete namafuta, negondo-
bwe, zvikamu zviviri mugumi†; 4 pamwe chete nerimwe nerimwe
ramakwayana manomwe, chikamu chimwe chete mugumi‡. 5 Muisewo
nhongo imwe chete yembudzi sechipiriso chechivi kuti muzviyananisire.
6 Izvi zviri kupamhidzirwa pamusoro pezvipiriso zvinopiswa zvomwedzi
nomwedzi, nezvezuva nezuva uye nezvipiriso zvezviyo nezvipiriso
zvokunwa sokurongwa kwazvo. Ndizvo zvipiriso zvinoitirwa Jehovha
nomoto, zvinonhuhwira zvinofadza.

### *Zuva Rokuyananisira*

7 " 'Pazuva regumi romwedzi wechinomwe munofanira kuita ungano
tsvene. Munofanira kuzviramba uye murege kubata basa. 8 Mupe
chibayiro chinopiswa chehando duku yegore rimwe chete kuna Jehovha
sezvinonhuhwira zvinofadza: hando imwe chete negondobwe rimwe
chete uye namakwayana makono manomwe egore rimwe chete, zvisina
kuremara. 9 Mugadzire pamwe chete nehando, chipiriso chezviyo
chezvikamu zvitatu mugumi zveefa youpfu hwakatsetseka, hwakavhen-
ganiswa namafuta; pamwe chete negondobwe, zvikamu zviviri mugumi;
10 uye parimwe nerimwe ramakwayana manomwe, chikamu chimwe
chete mugumi. 11 Muisewo nhongo yembudzi sechipiriso chechivi,
muchipamhidzira kuchipiriso chechivi chokuyananisira uye nechibayiro

* **29:3** 29:3 marita angaita 6.5, uyewo nomundima 9 ne29 † **29:3** 29:3 marita angaita 4.5,
uyewo nomundima 9 ne14 ‡ **29:4** 29:4 marita angaita 2 uyewo nomundima 10 ne15

chinopiswa chamazuva ose nechipiriso chacho chezviyo, uye nezvipiriso zvazvo zvokunwa.

*Mutambo waMatumba*

12 " 'Pazuva regumi namashanu romwedzi wechinomwe, muite ungano tsvene uye musaita basa ramazuva ose. Muite mutambo wokupemberera Jehovha kwamazuva manomwe.
13 Muuye nechibayiro chinopiswa kuti chive chinonhuhwira zvinofadza kuna Jehovha, chibayiro chinopiswa chehando duku gumi nenhatu, makondobwe maviri namakwayana makono gumi namana egore rimwe chete, ose asina kuremara.
14 Mugadzire chipiriso chezvikamu zvitatu mugumi zveefa youpfu hwakatsetseka, hwakavhenganiswa namafuta pamwe chete neimwe neimwe yehando duku gumi nenhatu; pamwe chete nerimwe nerimwe ramakondobwe maviri, zvikamu zviviri mugumi,
15 uye pamwe chete nerimwe nerimwe ramakwayana gumi namana, chikamu chimwe chete mugumi.
16 Muisewo nhongo yembudzi imwe chete sechipiriso chechivi, pamusoro pechipiriso chinopiswa nechipiriso chacho chezviyo nechipiriso chokunwa.
17 " 'Pazuva rechipiri mugadzire hando duku gumi nembiri, makondobwe maviri uye makwayana makono gumi namana egore rimwe, zvose zvisina kuremara.
18 Mugadzire nehando, namakondobwe uye namakwayana, zvipiriso zvezviyo nezvipiriso zvinonwiwa maererano nouwandu hwakarayirwa.
19 Muisewo nhongo yembudzi imwe chete sechipiriso chechivi, muchipamhidzira kuchipiriso chamazuva ose pamwe chete nechipiriso chacho uye nezvipiriso zvazvo zvokunwa.
20 " 'Pazuva rechitatu, mugadzire hando gumi neimwe, makondobwe maviri uye namakwayana makono gumi namana egore rimwe chete, zvose zvisina kuremara.
21 Mugadzire pamwe chete nehando, makondobwe, uye namakwayana, zvipiriso zvazvo zvezviyo nezvipiriso zvokunwa maererano nouwandu hwakarayirwa.
22 Muisewo nhongo yembudzi imwe chete sechipiriso chechivi, muchipamhidzira kuchipiriso chinopiswa chamazuva ose pamwe chete nechipiriso chacho chezviyo uye nechipiriso chokunwa.
23 " 'Pazuva rechina, mugadzire hando gumi, makondobwe uye makwayana gumi namana egore rimwe chete, zvose zvisina kuremara.
24 Pamwe chete nehando, namakondobwe, namakwayana, mugadzire zvipiriso zvazvo nezvipiriso zvokunwa maererano nouwandu hwakarayirwa.
25 Muisewo nhongo yembudzi imwe chete sechipiriso chechivi, muchipamhidzira kuchipiriso chinopiswa chamazuva ose nechipiriso chacho chezviyo, uye nechipiriso chokunwa.
26 " 'Pazuva rechishanu, mugadzire hando pfumbamwe, makondobwe maviri uye namakwayana makono gumi namana egore rimwe chete, zvose zvisina kuremara.
27 Pamwe chete nehando, makondobwe namakwayana, mugadzire zvipiriso zvazvo zvezviyo nezvipiriso zvokunwa maererano nouwandu hwakarayirwa.
28 Muisewo nhongo yembudzi imwe chete sechipiriso chechivi muchipamhidzira kuchipiriso chinopiswa chamazuva ose nechipiriso chacho chezviyo uye nechipiriso chokunwa.
29 " 'Pazuva rechitanhatu, mugadzire hando sere, makondobwe maviri uye makwayana makono egore rimwe chete, gumi namana, zvose zvisina kuremara.
30 Pamwe chete nehando, namakondobwe uye namakwayana mugadzire zvipiriso zvazvo zvezviyo nezvipiriso zvokunwa maererano nouwandu hwakarayirwa.
31 Muisewo nhongo yembudzi imwe chete sechipiriso chechivi, muchipamhidzira kuchipiriso chinopiswa

chamazuva ose pamwe chete nechipiriso chacho chezviyo uye nechipiriso
chokunwa.
32 “ ‘Pazuva rechinomwe, mugadzire hando nomwe, makondobwe
maviri uye makwayana makono gumi namana egore rimwe chete, zvose
zvisina kuremara. 33 Pamwe chete nehando, makondobwe namak-
wayana mugadzire zvipiriso zvazvo zvezviyo nezvipiriso zvokunwa maer-
erano nouwandu hwakarayirwa. 34 Muisewo nhongo yembudzi imwe
chete sechipiriso chechivi, muchipamhidzira kuchipiriso chinopiswa
chamazuva ose pamwe chete nechipiriso chacho chezviyo uye chipiriso
chokunwa.
35 “ ‘Pazuva rorusere, unganai uye murege kuita basa ramazuva
ose. 36 Mupe chibayiro chinopiswa nomoto chive chinonhuhwira zvi-
nofadza kuna Jehovha, chibayiro chinopiswa chehando imwe chete,
gondobwe rimwe chete namakwayana makono manomwe egore rimwe
chete, zvose zvisina kuremara. 37 Mugadzire hando, gondobwe na-
makwayana, zvipiriso zvezviyo nezvipiriso zvinonwiwa, maererano
nouwandu hwakarayirwa. 38 Muisewo nhongo imwe chete yem-
budzi sechipiriso chechivi, muchipamhidzira kuchipiriso chinopiswa
chamazuva ose pamwe chete nechipiriso chacho chezviyo uye nechipiriso
chokunwa.
39 “ ‘Kupamhidzira pamusoro pezvamakapika uye zvipo zvokupa
nokuzvisarudzira, mugadzirire Jehovha izvi pamitambo yenyu yakatarwa:
zvipiriso zvenyu zvinopiswa, zvipiriso zvezviyo, zvipiriso zvokunwa uye
nezvipiriso zvokuwadzana.’ ”
40 Mozisi akataurira vaIsraeri zvose zvaakarayirwa naJehovha.

# 30

*Mhiko*

1 Mozisi akati kuvakuru vamarudzi avaIsraeri, “Izvi ndizvo zvarayirwa
naJehovha: 2 Kana munhu akaita mhiko kuna Jehovha kana kuzvi-
sunga nokupika, haafaniri kuputsa shoko rake asi anofanira kuita zvose
zvaakareva.
3 “Kana musikana achiri kugara mumba mababa vake akaita mhiko
kuna Jehovha kana kuti akazvisunga nokupika, 4 uye baba vake vakanzwa
pamusoro pezvaapika, vakasataura chinhu kwaari, ipapo zvose zvaapika
uye nezvose zvaazvisunga kupika zvichasimbiswa. 5 Asi kana baba vake
vakamudzivisa pavanonzwa nezvazvo, zvaapika zvose nezvaazvisunga
nazvo achipika hazvingavi nesimba; Jehovha achamusunungura nokuti
baba vake vamudzivisa.
6 “Kana akawanikwa mushure mokunge aita mhiko, kana mushure
mokunge muromo wake wakurumidza kutaura achivimbisa nokuzvi-
sunga, 7 uye murume wake akazvinzwa asi akasataura chinhu kwaari,
ipapo mhiko dzake kana zvaakazvisunga nazvo zvichasimbiswa. 8 Asi
kana murume wake amudzivisa paanenge anzwa nezvazvo, anokonesa
mhiko iya inomusunga, kana vimbiso yaangazvisunga nayo, uye ipapo
Jehovha achamusunungura.
9 “Mhiko ipi zvayo kana chisungo chaitwa nechirikadzi kana mukadzi
akarambwa chichava nesimba kwaari.
10 “Kana mukadzi agere nomurume wake akaita mhiko kana kuti
akazvisunga nemhiko 11 uye murume wake akanzwa nezvazvo asi
akasataura chinhu kwaari uye asingamudzivisi, ipapo mhiko dzake kana
zvaakazvisunga pakupika zvichava nesimba. 12 Asi kana murume wake

akazvikonesa paanenge anzwa nezvazvo, ipapo hapana chaakapika kana
zvaakazvisunga nazvo nemhiko nezvaakataura nomuromo wake zvichava
nesimba. Murume wake azvikonesa, uye Jehovha achamusunungura.
13 Murume wake anogona kutsigira kana kukonesa mhiko ipi zvayo
yaanopika kuti azvininipise nayo. 14 Asi kana murume wake akashaya
chaanotaura kwaari zuva nezuva, ipapo ari kusimbisa mhiko dzake uye
zvaakapika zvinomusunga. Anozvisimbisa nokusataura kwake chinhu
kwaari paanenge anzwa nezvazvo. 15 Kana zvakadaro, akazozvikonesa
pane dzimwe nguva, mushure mokunge azvinzwa, ipapo iye achatakura
mhosva yomukadzi wake."

16 Iyi ndiyo mitemo yakapiwa Mozisi naJehovha pamusoro poukama
pakati pomurume nomukadzi wake, uye pakati pababa nomwanasikana
wavo muduku agere mumba mavo.

# 31

### *Kutsiva pamusoro pavaMidhiani*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Tsiva kuvaMidhiani zvavakaitira vaIs-
raeri. Shure kwaizvozvo uchandosanganiswa navanhu vako."

3 Saka Mozisi akati kuvanhu, "Shongedzai vamwe varume vokwenyu
nhumbi dzokurwa kuti vaende kundorwa navaMidhiani kuti vazadzise
kutsiva kwaJehovha pamusoro pavo. 4 Endesai kuhondo varume chiuru
kubva kurudzi rumwe norumwe rwavaIsraeri." 5 Saka varume zviuru
gumi nezviviri vakashongedzerwa kundorwa, chiuru chimwe kubva
kurudzi rumwe norumwe, vakauyiswa vachibva kumhuri dzavaIsraeri.
6 Mozisi akavatuma kundorwa, chiuru kubva kurudzi rumwe norumwe,
pamwe chete naFinehasi mwanakomana waEreazari muprista, uyo aka-
torawo nhumbi dzomunzvimbo tsvene nehwamanda dzokuridza paku-
tungamirira.

7 Vakarwisa vaMidhiani, sezvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha,
vakauraya varume vose. 8 Vakaurayiwa pakati pavo ndiEvhi, Rekemu,
Zuri, Huri naRebha, madzimambo mashanu avaMidhiani. Vakaurayawo
nomunondo Bharamu mwanakomana waBheori. 9 VaIsraeri vakat-
apa vakadzi vavaMidhiani navana vavo uye vakatora mombe dzose
dzavaMidhiani, makwai nepfuma sezvinhu zvavakapamba. 10 Vakapisa
maguta ose avaMidhiani, pamwe chete nemisasa yavo yose. 11 Vakatora
zvose zvavakapamba, nepfuma, pamwe chete navanhu uye nezvipfuwo,
12 vakauya nenhapwa, nepfuma uye nezvavakapamba kuna Mozisi
naEreazari muprista, uye vaIsraeri vakaungana pamisasa yavo pamapani
eMoabhu, paJorodhani uchibva mhiri kuJeriko.

13 Mozisi, Ereazari navatungamiri vose veungano vakabuda kuti van-
dosangana navo kunze kwomusasa. 14 Mozisi akatsamwira machinda
ehondo, vatungamiri vezviuru navatungamiri vamazana, vakadzoka
kuhondo.

15 Akavabvunza akati, "Ko, makatendera vakadzi vose kuti vararame
here? 16 Ndivo vakanga vachitevera zano raBharamu uye ndivo vakat-
sausa vaIsraeri kubva kuna Jehovha pane zvakaitika paPeori, naizvozvo
denda rikauya pamusoro pavanhu vaJehovha. 17 Zvino chiurayai
vakomana vose. Uye muuraye mukadzi mumwe nomumwe akavata
nomurume, 18 asi muzvisiyire musikana mumwe nomumwe asina kuvata
nomurume.

19 “Imi mose makauraya ani zvake kana kubata ani zvake akaurayiwa,
munofanira kugara kunze kwomusasa kwamazuva manomwe. Pazuva
rechitanhatu nezuva rechinomwe, munofanira kuzvinatsa imi nenhapwa
dzenyu. 20 Munatse nguo imwe neimwe pamwe chete nezvose zvakaitwa
namatehwe, mvere dzembudzi kana makushe ehwai.”

21 Ipapo Ereazari muprista akati kuvarwi vakanga vaenda kuhondo,
“Hezvino zvinodikanwa 22 pamurayiro wakapiwa Mozisi naJehovha:
goridhe, sirivha, ndarira, simbi, tini, mutobvu 23 nezvimwewo zvisin-
gaparadzwi nomoto; zvinofanira kuiswa mumoto, ipapo zvichava
zvakanaka. Asi zvinofanirawo kucheneswa nemvura yokunatsa. Uye
zvose zvisingagoni kukunda moto zvinofanira kupinzwa nomumvura
imomo. 24 Pazuva rechinomwe musuke nguo dzenyu, ipapo muchava
vakachena. Ipapo mungazochipinda henyu mumusasa.”

### *Kugova zvakapambwa*

25 Jehovha akati kuna Mozisi, 26 “Iwe naEreazari muprista navakuru
vemhuri veungano munofanira kuverenga vanhu vose nezvipfuwo zvaka-
pambwa. 27 Mugovere zvakapambwa pakati pavarwi vakaenda kuhondo
uye navakasara muungano. 28 Kubva kuvarwi vakanga vandorwa
kuhondo, utsaure somutero waJehovha chinhu chimwe chete pazvinhu
mazana mashanu, vangava vanhu, mombe, mbongoro, makwai kana
mbudzi. 29 Utore mutero uyu kubva pahafu yavo yomugove wavo ugopa
kuna Ereazari muprista somugove waJehovha. 30 Kubva kuhafu inova
yavaIsraeri, utsaure chinhu chimwe chete kubva pamakumi mashanu oga
oga, vangava vanhu, mombe, mbongoro, makwai, mbudzi kana zvimwe
zvipfuwo. Uzvipe kuvaRevhi, ivo vane basa rokuchengeta tabhenakeri
yaJehovha.” 31 Saka Mozisi naEreazari muprista vakaita sezvakarayirwa
Mozisi naJehovha.

32 Zvakatapwa zvakasara pane zvavakapamba zvakanga zvatorwa
navarwi zvaisvika zviuru mazana matanhatu namakumi manomwe
nezvishanu zvamakwai, 33 mombe zviuru makumi manomwe nezviviri,
34 mbongoro zviuru makumi matanhatu nechiuru chimwe chete 35 uye
vakadzi zviuru makumi matatu nezviviri vakanga vasina kumbovata
navarume.

36 Hafu yomugove wavaya vakarwa muhondo yaiva:

makwai zviuru mazana matatu namakumi matatu nezvinomwe, na-
mazana mashanu, 37 mutero waJehovha paari wakanga uri makwai
mazana matanhatu namakwai manomwe namashanu;
38 mombe dzaisvika zviuru makumi matatu nezvitanhatu, mutero
waJehovha padziri waiva mombe makumi manomwe nembiri;
39 mbongoro dzaiva zviuru makumi matatu namazana mashanu, mutero
waJehovha padziri wakanga uri mbongoro makumi matanhatu
neimwe chete;
40 vanhu vaisvika zviuru gumi nezvitanhatu, mutero waJehovha pavari
waiva vanhu makumi matatu navaviri.

41 Mozisi akapa mutero kuna Ereazari muprista somugove waJehovha,
sezvakarayirwa Mozisi naJehovha.

[42] Hafu yakanga iri yavaIsraeri, yakatsaurwa naMozisi kubva kuvarume
vehondo, [43] hafu yeungano yaiva makwai zviuru mazana matatu na-
makumi matatu namanomwe, namazana mashanu, [44] mombe zviuru
makumi matatu, nezvitanhatu, [45] mbongoro dzaiva zviuru makumi
matatu, namazana mashanu [46] uye vanhu vaiva zviuru gumi nezvitanhatu.
[47] Kubva pahafu yaiva yavaIsraeri, Mozisi akatsaura munhu mumwe
chete kubva pavanhu makumi mashanu, chipfuwo chimwe chete kubva
pazvipfuwo makumi mashanu, sezvakarayirwa naJehovha, akazvipa
kuvaRevhi, vakanga vane basa rokuchengeta tabhenakeri yaJehovha.
[48] Ipapo machinda akanga ari vatariri vamapoka ehondo, vatungamiri
vezviuru navatungamiri vamazana vakaenda kuna Mozisi [49] vakati
kwaari, "Varanda venyu vaverenga varwi vari pasi pedu, hapana kana
mumwe chete asipo. [50] Saka tauya nechipo kuna Jehovha chezvishongo
zvegoridhe zvakawanikwa nomumwe nomumwe wedu, zvishongo zveg-
oridhe, mhete dzomumaoko, mhete dzomunzeve nouketani hwomumut-
sipa kuti tizviyananisire pamberi paJehovha."
[51] Mozisi naEreazari muprista vakagamuchira kubva kwavari goridhe,
zvinhu zvose zvakanga zvakaitwa noumhizha. [52] Goridhe rose rak-
abva kuvatungamiri vezviuru navatungamiri vamazana rakapiwa kuna
Jehovha naMozisi naEreazari muprista rairema mashekeri zviuru gumi
nezvitanhatu, namazana manomwe namakumi mashanu*. [53] Murwi
mumwe nomumwe akanga azvitorera zvake zvakapambwa. [54] Mozisi
naEreazari muprista vakagamuchira goridhe rakabva kuvatungamiri
vezviuru nokuvatungamiri vamazana vakariisa muTende Rokusangana
kuti chive chirangaridzo chavaIsraeri pamberi paJehovha.

# 32

*Marudzi emhiri kweJorodhani*

[1] VaRubheni navaGadhi, vakanga vane mombe zhinji uye namakwai
akawanda kwazvo, vakaona nyika yaJazeri neGireadhi kuti yakanga
yakanakira zvipfuwo. [2] Saka vakauya kuna Mozisi naEreazari muprista
nokuvatungamiri veungano, vakati, [3] "Ataroti, Dhibhoni, Jazeri, Nimira,
Heshibhoni, Ereare, Sebhami, Nebho neBheoni, [4] nyika yakakundwa
naJehovha pamberi pavanhu vaIsraeri, yakanakira zvipfuwo, uye varanda
venyu vane zvipfuwo." [5] Vakati, "Kana tawana nyasha pamberi penyu,
nyika iyi ngaipiwe kuvaranda venyu ive yedu. Musatiyambutsa Jorod-
hani."
[6] Mozisi akati kuvaGadhi nokuvaRubheni, "Ko, vanhu venyika yok-
wenyu vangaenda kuhondo imi makagara henyu pano? [7] Ko, munoodzerei
mwoyo yavaIsraeri kuti vasayambuka vachienda kunyika yavakapiwa
naJehovha? [8] Izvi ndizvo zvakaitwa namadzibaba enyu pandakavatuma
kubva paKadheshi Bharinea kuti vandosora nyika. [9] Shure kwokuk-
wira kwavo kuMupata weEshikori vakandoona nyika, vakaodza mwoyo
yavaIsraeri kuti varege kupinda munyika yavakanga vapiwa naJehovha.
[10] Kutsamwa kwaJehovha kwakamutswa nomusi uyo uye akapika mhiko
iyi: [11] 'Nokuda kwokuti havana kunditevera nomwoyo wose, hakuna
mumwe wavo ane makore makumi maviri kana anodarika akabuda mun-
yika yeIjipiti achaona nyika yandakanga ndavimbisa nemhiko kuna Ab-
hurahama, Isaka naJakobho, [12] hakuna mumwe wavo kunze kwaKarebhu

* **31:52** 31:52 makirogiramu angaita 190

mwanakomana waJefune muKenizi naJoshua mwanakomana waNuni
nokuti vakatevera Jehovha nomwoyo wose.' 13 Kutsamwa kwaJehovha
kwakapfuta pamusoro pavaIsraeri akavaita kuti vadzungaire murenje
kwamakore makumi mana, kusvikira zera rose ravaya vakaita zvakaipa
pamberi pake rapera.

14 "Hezvino muri pano, imi chibereko chavatadzi, mumire panzvimbo
yamadzibaba enyu muchiwedzera kutsamwa kwaJehovha kukuru pamu-
soro pavaIsraeri. 15 Kana mukatsauka pakumutevera, achasiyazve vanhu
ava vose murenje, uye imi ndimi muchauyisa kuparadzwa kwavo."

16 Ipapo vakakwira kwaari vakati, "Tinoda kuvaka matanga ezvipfuwo
zvedu kuno namaguta avakadzi vedu navana. 17 Asi takagadzirira kurwa
nokuenda mberi navaIsraeri kusvikira tavasvitsa kunzvimbo yavo. Pari
zvino vakadzi vedu navana vedu vachagara mumaguta akakomberedzwa,
kuti vadzivirirwe pavagari venyika ino. 18 Hatizodzokeri kumisha yedu
kusvikira vaIsraeri vose vagamuchira nhaka yavo. 19 Hatizogamuchiri
nhaka ipi zvayo pamwe chete navo mhiri kweJorodhani, nokuti nhaka
yedu tava nayo kumabvazuva kweJorodhani."

20 Ipapo Mozisi akati kwavari, "Kana mukaita izvi, kana mukazvishon-
gedza nhumbi dzokurwa pamberi paJehovha kuti mundorwa, 21 uye kana
imi mose mukaenda makashonga nhumbi dzokurwa mhiri kwaJorodhani
pamberi paJehovha kusvikira adzinga vavengi vake pamberi pake, 22 ipapo
kana nyika ichinge yakundwa pamberi paJehovha, mungadzokera henyu
uye musununguke pabasa renyu pamberi paJehovha napamberi pavaIs-
raeri. Uye nyika iyi ichava yenyu pamberi paJehovha.

23 "Asi kana mukakoniwa kuita izvi, muchange matadzira Jehovha;
uye zvirokwazvo chivi chenyu chichakuwanai. 24 Vakai maguta avakadzi
navana venyu, uye matanga amakwai enyu, asi muite zvamakavimbisa."

25 VaGadhi navaRubheni vakati kuna Mozisi, "Isu varanda venyu tichaita
sezvarayirwa naishe wedu. 26 Vana vedu navakadzi vedu, makwai
edu nemombe dzedu zvichasara kuno mumaguta eGireadhi. 27 Asi
varanda venyu, varume vose vakazvigadzirira kundorwa, vachayambuka
kundorwa pamberi paJehovha sezvataurwa naishe wedu."

28 Ipapo Mozisi akarayira pamusoro pavo kuna Ereazari muprista
nokuna Joshua mwanakomana waNuni nokuvakuru vemhuri dzamarudzi
avaIsraeri. 29 Akati kwavari, "Kana vaGadhi navaRubheni, murume
mumwe nomumwe akazvigadzirira kundorwa, vakayambuka Jorodhani
nemi pamberi paJehovha, ipapo kana nyika ikakundwa pamberi pako,
uvape nyika yeGireadhi ive yavo. 30 Asi kana vakasayambuka nemi
vakashonga zvokurwa, vanofanira kupiwa nhaka yavo pamwe chete nemi
muKenani."

31 VaGadhi navaRubheni vakapindura vakati, "Varanda venyu vachaita
zvarehwa naJehovha. 32 Tichayambuka mhiri pamberi paJehovha
tigopinda muKenani, takashonga nhumbi dzokurwa nadzo, asi nhaka
yatichawana ichava kudivi rino reJorodhani."

33 Ipapo Mozisi akapa kuvaGadhi, navaRubheni nehafu yorudzi
rwaManase, mwanakomana waJosefa, umambo hwaSihoni mambo
wavaAmori noumambo hwaOgi mambo weBhashani, nyika yose nam-
aguta ayo uye nenyika dzose dzakavapoteredza.

34 VaGadhi vakavaka Dhibhoni, Ataroti, Aroeri, 35 Ataroti Shafani, Jazeri,
Jogubheha, 36 Bheti Nimura neBheti Harani samaguta akakomberedzwa,
uye vakavaka matanga amakwai avo. 37 Uye vaRubheni vakavakazve

Heshibhoni, Ereare Kiriatihaimi, 38 pamwe chete neNebho neBhaari
Meoni (mazita aya akashandurwa) neSibhima. Vakapa mazita kumaguta
avakavaka.
39 Zvizvarwa zvaMakiri mwanakomana waManase zvakaenda ku-
Gireadhi, zvikaritapa zvikadzinga vaAmori vakanga varimo. 40 Saka
Mozisi akapa Gireadhi kuvaMakiri, zvizvarwa zvaManase, ivo vakagara
ikoko. 41 Jairi, chizvarwa chaManase, akakunda misha yaro akaitu-
midza kuti Havhoti Jairi. 42 Uye Nobha akakunda Kenati nenzvimbo
dzakaripoteredza akaritumidza kuti Nobha zita rake.

# 33

*Zvinhanho zvoRwendo rwavaIsraeri*

1 Hezvino zvinhanho zvorwendo rwavaIsraeri pavakabuda muIjipiti
namapoka avo vachitungamirirwa naMozisi naAroni. 2 Mozisi akanyora
zvinhanho zvorwendo rwavo. Urwu ndirwo rwendo rwavo nezvinhanho
zvarwo:

3 VaIsraeri vakasimuka kubva paRamesesi nezuva regumi namashanu
romwedzi wokutanga, zuva rakatevera Pasika. Vakafamba vakabuda
vasingatyi pamberi pavaIjipita vose, 4 avo vakanga vachiviga matangwe
avo ose, akanga aurayiwa naJehovha pakati pavo; nokuti Jehovha
akanga atonga vamwari vavo.

5 VaIsraeri vakabva paRamesesi vakandodzika misasa yavo paSukoti.

6 Vakabva paSukoti vakandodzika misasa yavo paEtamu, mujinga
megwenga.

7 Vakabva paEtamu, vakadzokera shure kuPi Hahiroti, nechokumab-
vazuva kweBhaari Zefoni, vakandodzika misasa yavo pedyo neMigid-
hori.

8 Vakabva paPi Hahiroti vakapinda nomugungwa vakaenda murenje,
uye vakati vafamba mazuva matatu murenje reEtami, vakadzika misasa
paMara.

9 Vakabva paMara vakaenda kuErimu, pakanga pane matsime gumi
namaviri nemiti yemichindwe makumi manomwe, uye vakadzika
misasa ipapo.

10 Vakabva paErimu vakandodzika misasa paGungwa Dzvuku.

11 Vakabva paGungwa Dzvuku vakandodzika misasa muGwenga
reSini.

12 Vakabva muGwenga reSini vakandodzika misasa paDhofika.

13 Vakabva paDhofika vakandodzika misasa paArushi.

14 Vakabva paArushi vakandodzika misasa paRefidhimu, apo pakanga
pasina mvura yokuti vanhu vanwe.

15 Vakabva paRefidhimu vakandodzika misasa muGwenga reSinai.

16 Vakabva muGwenga reSinai vakandodzika misasa paKibhuroti
Hataavha.

17 Vakabva paKibhuroti Hataavha vakandodzika misasa paHazeroti.

18 Vakabva paHazeroti vakandodzika misasa paRitima.

19 Vakabva paRitima vakandodzika misasa paRimoni Perezi.

20 Vakabva paRimoni Perezi vakandodzika misasa paRibhina.

21 Vakabva paRibhina vakandodzika misasa paRisa.

22 Vakabva paRisa vakandodzika misasa paKeherata.

23 Vakabva paKeherata vakandodzika misasa paGomo reSheferi.

24 Vakabva paGomo reSheferi vakandodzika misasa paHaradha.
25 Vakabva paHaradha vakandodzika misasa paMakeroti.
26 Vakabva paMakeroti vakandodzika misasa paTahati.
27 Vakabva paTahati vakandodzika misasa paTera.
28 Vakabva paTera vakandodzika misasa paMitika.
29 Vakabva paMitika vakandodzika misasa paHashimona.
30 Vakabva paHashimona vakandodzika misasa paMoseroti.
31 Vakabva paMoseroti vakandodzika misasa paBhene Jaakani.
32 Vakabva paBhene Jaakani vakandodzika misasa paHori Hagidhigadhi.
33 Vakabva paHori Hagidhigadhi vakandodzika misasa paJotibhata.
34 Vakabva paJotibhata vakandodzika misasa paAbhurona.
35 Vakabva paAbhurona vakandodzika misasa paEzioni Gebheri.
36 Vakabva paEzioni Gebheri vakandodzika misasa paKadheshi, murenje reZini.
37 Vakabva paKadheshi vakandodzika misasa paGomo reHori, kumuganhu weEdhomu.
38 Aroni muprista akakwira muGomo re-
Hori sezvakarayirwa naJehovha, akandofira imomo pazuva rokutanga
romwedzi wechishanu wegore ramakumi mana shure kwokubuda
kwavaIsraeri muIjipiti.
39 Aroni akanga ava namakore zana namakumi
maviri namatatu pakufa kwake paGomo reHori.
40 Mambo weAradhi muKenani, aigara kuNegevhi kweKenani, akanzwa kuti vaIsraeri vari kuuya.
41 Vakabva kuGomo reHori vakandodzika misasa paZarimona.
42 Vakabva paZarimona vakandodzika misasa paPunoni.
43 Vakabva paPunoni vakandodzika misasa paObhoti.
44 Vakabva paObhoti vakandodzika misasa paIye Abharimi, pamuganhu weMoabhu.
45 Vakabva paIyimi vakandodzika misasa paDhibhoni Gadhi.
46 Vakabva paDhibhoni Gadhi vakandodzika misasa paArimoni Dhibhurataimi.
47 Vakabva paArimoni Dhibhurataimi vakandodzika misasa mumakomo eAbharimi, pedyo neNebho.
48 Vakabva pamakomo eAbharimi vakandodzika misasa pamapani
eMoabhu pedyo neJorodhani uchibva kuJeriko.
49 Pamapani eMoabhu
ipapo vakadzika misasa vakatevedza Jorodhani kubva kuBheti Jeshimoti
kusvikira kuAbheri Shitimu.

50 Pamapani eMoabhu pedyo neJorodhani uchibva kuJeriko, Jehovha
akati kuna Mozisi,
51 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari: 'Kana mayambuka
Jorodhani mapinda muKenani,
52 mudzinge vose vanogara munyika
imomo pamberi penyu. Muparadze zvifananidzo zvavo zvose zvakavezwa
nezvifananidzo zvavo zvakaumbwa, uye muputse nzvimbo dzose dzakakwirira.
53 Mutore nyika iyo mugaremo, nokuti ndakupai nyika iyi kuti ive
yenyu.
54 Mugovere nyika nomujenya, maererano nemhuri dzenyu. Mupe
vakawanda nhaka huru, uye vashoma muvapewo nhaka duku. Zvose
zvichawira kwavari nomujenya zvinofanira kuva zvavo. Muigove zviri
maererano namarudzi amadzitateguru enyu.
55 " 'Asi kana mukasadzinga vagere munyika iyi, vamunotendera
kusara ivavo vachava rukato pamberi penyu neminzwa pamativi enyu.

Vachakutambudzai munyika mamugere. 56 Ipapo ndichakuitirai imi
zvandakaronga kuvaitira ivo.' "

# 34

*Miganhu yeKenani*

1 Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Rayira vaIsraeri uti kwavari: 'Kana
mapinda muKenani, nyika ichagoverwa kwamuri senhaka,
ichava nemiganhu iyi:

3 " 'Rutivi rwenyu rwezasi ruchasanganisira chikamu cheGwenga reZini
chinotevedzana nomuganhu weEdhomu. Muganhu wenyu wezasi,
uchatangira kumagumo eGungwa roMunyu nechokumabvazuva,
4 uchiyambukira zasi kweAkirabhimu, uchipfuurira nokuZini uye
uchienda nezasi kweKadheshi Bharinea. Ipapo uchazoenda noku-
Hazari Adhari uchindosvika kuAzimoni, 5 kwaunondopota, wobatana
noRukova rweIjipiti uchindogumira paGungwa.
6 Muganhu wenyu wokumavirira uchange uri mahombekombe
eGungwa Guru. Ndiwo uchava muganhu wenyu nechokumavirira.
7 Pamuganhu wenyu wokumusoro, munofanira kutara mutaro unobva
kuGungwa Guru uchisvika kuGomo reHori 8 uye kubva paGomo
reHori uchisvika kuRebho Hamati. Ipapo muganhu uchaenda
kuZedhadhi, 9 wopfuurira kuZifurani uchindogumira paHazari Enani.
Ndiwo uchava muganhu wenyu nechokumusoro.
10 Pamuganhu wenyu wokumabvazuva, munofanira kutara mu-
taro unobva kuHazari Enani uchisvika kuShefami. 11 Muganhu
uchadzika uchibva nokuShefami uchisvika kuRibhura nechokumab-
vazuva kweZini ugopfuurira wakatevedza materu ari kumabvazuva
kweGungwa reKinereti. 12 Ipapo muganhu uchadzika uchitevedza
Jorodhani uchindoguma paGungwa roMunyu.

" 'Iyi ndiyo ichava nyika yenyu, nemiganhu yayo kumativi ose.' "

13 Mozisi akarayira vaIsraeri akati, "Goverai nyika iyi nomujenya
wenhaka yenyu. Jehovha akarayira kuti ipiwe kumarudzi mapfumbamwe
nehafu, 14 nokuti mhuri dzorudzi rwaRubheni, norudzi rwaGadhi uye
nehafu yorudzi rwaManase vakagamuchira nhaka yavo. 15 Marudzi
maviri aya nehafu vakagamuchira nhaka yavo kumabvazuva kweJorod-
hani reJeriko, kwakatarisana nokumabudazuva."
16 Jehovha akati kuna Mozisi, 17 "Aya ndiwo mazita avarume vanofanira
kukugoverai nyika senhaka yenyu: Ereazari muprista naJoshua mwanako-
mana waNuni. 18 Uye ugadze mutungamiri mumwe chete kubva kurudzi
rumwe norumwe kuti vabatsire pakugova nyika.

19 "Aya ndiwo mazita avo:

"Karebhu mwanakomana waJefune, kubva kurudzi rwaJudha;
20 Kubva kurudzi rwaSimeoni, Shemueri mwanakomana waAmihudhi;
21 Kubva kurudzi rwaBhenjamini, Eridhadhi mwanakomana waKisironi;
22 Kubva kurudzi rwaDhani mutungamiri Bhuki mwanakomana waJo-
giri;

23 Mutungamiri kubva kurudzi rwaManase mwanakomana waJosefa, Hanieri mwanakomana waEfodhi;
24 Mutungamiri kubva kurudzi rwaEfuremu mwanakomana waJosefa, Kemueri mwanakomana waShifutani;
25 Mutungamiri kubva kurudzi rwaZebhuruni, Erizafani mwanakomana waParanaki;
26 Mutungamiri kubva kurudzi rwaIsakari, Paritieri mwanakomana waAzani;
27 Mutungamiri kubva kurudzi rwaAsheri, Ahihudhi mwanakomana waSheromi;
28 Mutungamiri kubva kurudzi rwaNafutari, Pedhaheri mwanakomana waAmihudhi."

29 Ava ndivo varume vakarayirwa naJehovha kuti vagovere nhaka kuvaIsraeri munyika yeKenani.

# 35

*Maguta avaRevhi*

1 Pamapani eMoabhu pedyo neJorodhani uchibva mhiri kuJeriko,
Jehovha akati kuna Mozisi, 2 "Rayira vaIsraeri kuti vape vaRevhi maguta
okuti vagare kubva panhaka ichatorwa navaIsraeri. Uye muvape mafuro
akapoteredza maguta avo. 3 Ipapo vachava namaguta okugara uye
namafuro emombe dzavo, makwai nezvimwe zvipfuwo zvavo zvose.
4 "Mafuro akapoteredza maguta amunopa vaRevhi achasvitsa makubhiti
chiuru chimwe chete* kubva pamasvingo eguta. 5 Uyere makubhiti zviuru
zviviri† nechokunze kweguta, kurutivi rwokumabvazuva, kurutivi rwezasi
uyere makubhiti zviuru zviviri, uye kurutivi rwokumavirira makubhiti
zviuru zviviri, uye nechokumusoro, makubhiti zviuru zviviri, guta riri
pakati. Nzvimbo iyi ichava mafuro amaguta.

*Maguta oUtiziro*

6 "Maguta matanhatu pane auchapa vaRevhi achava outiziro, kuti
munhu anenge auraya mumwe atizireko. Pamusoro paiwayo, muvape
mamwe maguta makumi mana namaviri. 7 Maguta ose amunopa
vaRevhi anofanira kuva makumi mana namasere, pamwe chete namafuro
avo. 8 Maguta amunopa vaRevhi kubva munyika inotorwa navaIsraeri
anofanira kupiwa zvakaenzanirana nenhaka yorudzi rumwe norumwe:
Utore maguta akawanda kubva kurudzi rune akawanda, asi utore
mashoma kubva kurudzi rune mashoma."
9 Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, 10 "Taura kuvaIsraeri uti kwavari:
'Kana mayambuka Jorodhani mapinda muKenani, 11 musarudze mamwe
maguta kuti ave outiziro, okuti munhu anenge auraya mumwe asingaiti
nobwoni atizireko. 12 Achava nzvimbo dzoutiziro kubva kumutsivi, kuitira
kuti munhu anopomerwa mhosva youmhondi arege kufa asati atongwa
pamberi peungano. 13 Maguta matanhatu amunopa aya achava maguta
enyu outiziro. 14 Mupe maguta matatu mhiri kwaJorodhani uye mamwe
matatu muKenani kuti ave maguta outiziro. 15 Maguta matanhatu aya
achava nzvimbo youtiziro yavaIsraeri, vatorwa kana vamwe vanhu vagere
pakati pavo, kuitira kuti ani naani anenge auraya mumwe asingaiti
nobwoni atizireko.

* **35:4** 35:4 mamita angaita 450 † **35:5** 35:5 mamita angaita 900

16 " 'Kana munhu akarova mumwe nesimbi akafa, iye imhondi; mhondi
ichafanira kuurayiwa. 17 Uye kana ani naani aine dombo muruoko rwake
rinogona kuuraya, akarova mumwe munhu naro akafa, iye imhondi;
mhondi inofanira kuurayiwa. 18 Uye kana ani naani akange ane danda
muruoko rwake rinogona kuuraya, uye akarova mumwe munhu akafa, iye
imhondi; mhondi ichaurayiwa. 19 Mutsivi weropa achauraya mhondi iyo;
paanosangana naye, achamuuraya. 20 Kana ani zvake anga ane ruvengo
kare akasundidzira mumwe kana kupotsera chimwe chinhu kwaari
nobwoni iye akafa, 21 uye kana akamurova nechibhakera achimuvenga
munhu uyo akafa, munhu iyeye anofanira kuurayiwa; munhu iyeye
imhondi. Mutsivi weropa achauraya mhondi iyo paanosangana naye.

22 " 'Asi kana panga pasina ruvengo mumwe akakaruka asundidzira
mumwe kana kupotsera chimwe chinhu kwaari asingaiti nobwoni, 23 kana
anga asingamuoni, akapotsera dombo kwaari rinogona kumuuraya, uye
iye akafa, ipapo sezvo anga asiri muvengi wake uye anga asingafungi
kumukuvadza, 24 ungano inofanira kutonga pakati pake nomutsivi weropa
maererano nemitemo iyi. 25 Ungano inofanira kudzivirira munhu
anopomerwa umhondi kubva pamutsivi weropa uye vachamudzosera
kuguta routiziro uko kwaakanga atizira. Anofanira kugara ikoko kusvikira
muprista mukuru afa, uyo akanga akazodzwa namafuta matsvene.

26 " 'Asi kana uyo anopomerwa akangobuda kunze akadarika muganhu
weguta routiziro, uko kwaakatizira, 27 uye mutsivi weropa akamuwana
ari kunze kweguta, mutsivi weropa achauraya muurayi uyu akasapiwa
mhosva youmhondi. 28 Muurayi anofanira kugara muguta rake routiziro
kusvikira pakufa kwomuprista mukuru; anofanira kudzokera chete kun-
zvimbo yake kana muprista mukuru afa.

29 " 'Izvi zvinofanira kuva murayiro wokutonga nawo kusvikira ku-
marudzi enyu ose anotevera, kwose kwamunogara.

30 " 'Ani naani anouraya munhu anofanira kuurayiwa semhondi kana
chete pane zvapupu. Asi hapafaniri kuva nomunhu anourayiwa kana
pachingova nechapupu chimwe chete.

31 " 'Murege kugamuchira dzikinuro youpenyu hwemhondi, inofanira
kufa. Anofanira kufa zvirokwazvo.

32 " 'Murege kugamuchira dzikinuro yomunhu upi zvake akatiza kuguta
routiziro nokudaro muchimutendera kudzokera kuti andogarazve mun-
yika yake muprista mukuru asati afa.

33 " 'Murege kusvibisa nyika yamunogara. Kuteura ropa kunosvibisa
nyika, uye nyika haingayananisirwi pamusoro peropa rakateurirwamo,
asi chete neropa romunhu akariteura. 34 Musasvibisa nyika yamugere uye
yandinogara, nokuti ini Jehovha, ndigere pakati pavaIsraeri.' "

# 36

*Nhaka yaVanasikana vaZerofehadhi*

1 Vakuru vemhuri yeimba yaGireadhi mwanakomana waMakiri,
mwanakomana waManase, vaibva kudzimba dzezvizvarwa zvaJosefa,
vakauya vakataura pamberi paMozisi navatungamiri, ivo vakuru vemhuri
dzavaIsraeri. 2 Vakati, "Jehovha paakarayira ishe wangu kuti ape
nyika kuvaIsraeri nomujenya ive nhaka yavo, akakurayirai kuti mupe
nhaka yehama yedu Zerofehadhi kuvanasikana vake. 3 Zvino ivo kana
vakawanikwa navarume vanobva kuna mamwe marudzi aIsraeri, ipapo

nhaka yavo ichabviswa panhaka yamadzitateguru edu ikawedzerwa
kurudzi urwo rwavawanikwa narwo. Nokudaro chikamu chenhaka
yakagoverwa kwatiri nemijenya chichabviswa. 4 Gore reJubhiri ravaIs-
raeri parinosvika, nhaka yavo ichawedzerwa kunhaka yorudzi urwo
rwavakawanikwa kwarwuri, uye pfuma yavo ichatorwa kubva kunhaka
yorudzi rwamadzibaba edu."

5 Ipapo Mozisi akarayira murayiro uyu kuvaIsraeri sezvaakarayirwa na-
Jehovha achiti, "Zvinotaurwa norudzi rwezvizvarwa zvaJosefa ndizvozvo.
6 Uku ndiko kurayira kwaJehovha kuvanasikana vaZerofehadhi: Van-
gawanikwa havo naani zvake anovafadza kana chete ari worudzi rwe-
imba yamadzibaba avo. 7 Hakuna nhaka muvaIsraeri inofanira kubva
kuno rumwe rudzi ichienda kuno rumwe rudzi, nokuti muIsraeri wose
anofanira kuchengeta nyika yorudzi rwake iri nhaka inobva kumadzibaba
avo. 8 Mwanasikana mumwe nomumwe anogara nhaka yenyika mu-
rudzi rupi zvarwo rwavaIsraeri anofanira kuwanikwa nomunhu anobva
muimba yorudzi rwababa vake, kuitira kuti muIsraeri wose awane
nhaka yamadzibaba ake. 9 Hakuna nhaka inobva kuno rumwe rudzi
ichienda kuno rumwe rudzi, nokuti rudzi rwose rwavaIsraeri runofanira
kuchengeta nyika yavakapiwa senhaka."

10 Saka vanasikana vaZerofehadhi vakaita sezvakarayirwa Mozisi naJe-
hovha. 11 Vanasikana vaZerofehadhi, Mara, Tiza, Hogira, Mirika naNoa
vakawanikwa navanakomana vababamunini vavo. 12 Vakawanikwa
mukati medzimba dzezvizvarwa zvaManase mwanakomana waJosefa, uye
nhaka yavo yakaramba iri mumba yorudzi rwababa vavo.

13 Iyi ndiyo mirayiro nemitemo yakapiwa kuvaIsraeri naJehovha
kubudikidza naMozisi pamapani eMoabhu pedyo neJorodhani uchibva
mhiri kuJeriko.

# DHUTERONOMI

*VaIsraeri vanorayirwa kuti vabve paHorebhi*

1 Aya ndiwo mashoko akataurwa naMozisi kuvaIsraeri vose murenje
kumabvazuva kweJorodhani, mumupata weArabha wakatarisana neSufi,
pakati peParani neToferi, Rabhani, Hazeroti neDhizahabhi. 2 (Zvinotora
mazuva gumi nerimwe kubva paHorebhi kuenda kuKadheshi Bharinea
nenzira yokuGomo reSeiri.)
3 Mugore ramakumi mana, nezuva rokutanga romwedzi wegumi
nomumwe, Mozisi akazivisa vaIsraeri zvose izvo Jehovha akamurayira
pamusoro pavo. 4 Izvi zvakaitika mushure mokunge akunda Sihoni
mambo wavaAmori, akanga achitonga paHeshibhoni, uye paEdhirei
akanga akunda Ogi mambo weBhashani, akanga achitonga muAshitaroti.
5 Mozisi akatanga kududzira murayiro uyu, vari nechokumabvazuva
kweJorodhani munzvimbo yeMoabhu, achiti:

6 Jehovha Mwari wedu akataura kwatiri paHorebhi akati, "Magara
nguva yakakwana pagomo rino. 7 Putsai musasa mugoenda kunyika
yezvikomo yavaAmori; muende kumarudzi ose akavakidzana muArabha,
mumakomo, nemuzasi mezvikomo zvokumadokero, nomuNegevhi uye
kumahombekombe egungwa, nokunyika yavaKenani uye nokuRebhanoni,
kusvikira kurwizi rukuru, irwo Yufuratesi. 8 Tarirai, ndakupai nyika iyi.
Endaimo mundotora nyika iyo Jehovha akapika kuti achaipa kumadzibaba
enyu, kuna Abhurahama, naIsaka, naJakobho, uye nokuzvizvarwa zvavo
zvaizovatevera."

*Kugadzwa kwaVatungamiri*

9 Panguva iyoyo ndakati kwamuri, "Mava mutoro unorema kwazvo
kuti ndikutakurei ndiri ndoga. 10 Jehovha Mwari wenyu akawedz-
era kuwanda kwenyu zvokuti nhasi mawanda senyeredzi dzokudenga.
11 Jehovha Mwari wamadzibaba enyu, ngaakuwedzerei rune chiuru uye
ngaakuropafadzei sezvaakavimbisa! 12 Asi ini ndingatakure seiko matam-
budziko enyu nemitoro yenyu uye nokupokana kwenyu ndiri ndoga?
13 Zvisarudzirei varume vakachenjera, vanonzwisisa uye vanokudzwa
kubva kurudzi rumwe norumwe rwamarudzi enyu, ndingovagadza pa-
musoro penyu."
14 Makandipindura muchiti, "Izvo zvamataura kuti zviitwe zvakanaka."
15 Saka ndakatora varume vaitungamirira marudzi enyu, varume
vakachenjera uye vaikudzwa, ndikavagadza kuti vave vakuru pamusoro
penyu, vave vakuru vezviuru, navakuru vamazana, navakuru vamakumi
mashanu, navakuru vevane gumi uye navatariri vamarudzi. 16 Zvino
panguva iyoyo ndakarayira vatongi venyu, ndikati: Inzwai kupokana kuri
pakati pehama dzenyu mugovatonga zvakanaka, ingava mhaka iri pakati
pavaIsraeri voga kana pakati pomumwe wavo nomutorwa. 17 Musaita
rusarura pakutonga; inzwai vose muduku kana mukuru zvakaenzanirana.
Musatya munhu upi zvake, nokuti kutonga ndokwaMwari. Uyisai
kwandiri mhaka yakanyanya kukuomerai, ndigoinzwa. 18 Uye panguva
iyoyo ndakakurayirai zvose zvamaifanira kuita.

*Vasori vanotumwa*

19 Ipapo takasimuka kubva paHorebhi tikafamba takananga kunyika
yamakomo yavaAmori tikapfuura nomurenje iro rose guru rinotyisa
ramakaona, uye tikasvika paKadheshi Bharinea, sezvatakarayirwa na-
Jehovha Mwari wedu. 20 Ipapo ndakati kwamuri, "Masvika munyika
yamakomo yavaAmori, yatinopiwa naJehovha Mwari wedu. 21 Tarirai,
Jehovha Mwari wenyu akupai nyika iyo. Kwirai munoitora, sezva-
makaudzwa naJehovha, Mwari wamadzibaba enyu. Musatya; musaora
mwoyo."

22 Ipapo imi mose makauya kwandiri mukati, "Ngatitumei varume
vanofanotungamira kuti vatisorere nyika vagodzoka kuzotiudza pamu-
soro penzira yatingafamba nayo uye namaguta atichandosvika kwaari."

23 Pfungwa iyoyo yakanga yakandinakira; nokudaro ndakasarudza
varume vane gumi navaviri pakati penyu, murume mumwe kubva
kurudzi rumwe norumwe. 24 Ivo vakabva vakaenda munyika yamakomo,
vakasvika kumupata weEshikori vakaisora. 25 Vakatora mimwe yemichero
yenyika iyoyo, vakauya nayo kwatiri, vakati, "Inyika yakanaka yatiri
kupiwa naJehovha Mwari wedu."

*Vakamukira Jehovha*

26 Asi makanga musingadi kuenda; mukamukira kurayira kwaJehovha
Mwari wenyu. 27 Makanyunyuta muri mumatende enyu, mukati, "Je-
hovha anotivenga; naizvozvo akatibudisa muIjipiti kuti azotiisa mumaoko
avaAmori kuti vatiparadze. 28 Tichaendepiko? Hama dzedu dzatiita kuti
tiore mwoyo. Dzinoti, 'Vanhu vacho vanotikunda pasimba napakureba;
maguta acho makuru uye ane masvingo akareba zvokusvika kudenga.
Takaona kunyange navaAnaki ikoko.' "

29 Ipapo ini ndakati kwamuri, "Musavhunduka; musavatya. 30 Jehovha
Mwari wenyu, iye anokutungamirirai, achakurwirai, sezvaakakuitirai
muIjipiti, pamberi penyu chaipo, 31 uye nomurenje. Imomo makaona kuti
Jehovha Mwari wenyu akakutakurai sei, sezvinoita baba kana vachitakura
mwanakomana wavo, nzira dzose dzamakafamba nadzo kudzamara
muchisvika panzvimbo ino."

32 Kunyange zvakadaro, hamuna kuvimba naJehovha Mwari wenyu,
33 iye akakutungamirirai parwendo rwenyu, mumoto usiku nomugore
pamasikati kuti akutsvagirei nzvimbo dzokudzika matende enyu uye kuti
akuratidzei nzira yamunofanira kufamba nayo.

34 Jehovha paakanzwa zvamakataura, akatsamwa akapika, achiti,
35 "Hakungavi nomunhu mumwe wechizvarwa ichi achaona nyika
yakanaka yandakapika ndichiti ndichaipa kumadzibaba enyu, 36 kunze
kwaKarebhu mwanakomana waJefune achaiona, uye ndichamupa iye
nezvizvarwa zvake nyika yaakatsika netsoka dzake nokuti akateerera
Jehovha nomwoyo wose."

37 Nokuda kwenyu Jehovha akanditsamwira neniwo, akati, "Newewo
hauchazoipindi. 38 Asi mutevedzeri wako, Joshua, mwanakomana wa-
Nuni, ndiye achapindamo. 39 Asi vaduku venyu avo vamakati vachat-
apwa, vana venyu vasati vaziva zvakanaka kubva pane zvakaipa ndivo
vachapinda munyika iyi. Ndichaipa kwavari uye vachaitora. 40 Asi
kana murimi, dzokai mufambe makananga kurenje nenzira yokuGungwa
Dzvuku."

41 Ipapo imi makapindura mukati, "Takatadzira Jehovha. Tichaenda
tigondorwa, sezvatakarayirwa naJehovha Mwari wedu." Nokudaro

makashonga mumwe nomumwe nhumbi dzokurwa, muchifunga kuti
zvaiva nyore kukwidza kunyika yamakomo.
42 Asi Jehovha akataura kwandiri, akati, "Vaudze kuti, 'Musakwidza
kundorwa, nokuti handiendi nemi. Muchakundwa navavengi venyu.' "
43 Naizvozvo ndakakutaurirai, asi imi hamuna kuda kuteerera. Maka-
mukira murayiro waJehovha uye mukuzvikudza kwenyu makafamba
mukapinda munyika yamakomo. 44 VaAmori vakanga vagere mumakomo
iwayo vakauya kuzokurwisai; vakakudzinganisai sezvinoita nyuchi uye
vakakurovai kubva paSeiri kusvikira paHoma. 45 Makadzoka mukachema
pamberi paJehovha, asi iye haana kuteerera kuchema kwenyu uye haana
kurerekera nzeve yake kwamuri. 46 Naizvozvo makagara paKadheshi
mazuva mazhinji, nguva yose yamakagarapo.

# 2

*Kudzungaira muRenje*

1 Zvino takadzoka tikafamba takananga kurenje nenzira inoenda ku-
Gungwa Dzvuku, sezvandakanga ndarayirwa naJehovha. Kwenguva
yakareba takafamba nenzira yaipoterera nenyika yamakomo yeSeiri.
2 Ipapo Jehovha akati kwandiri, 3 "Mafamba nenzira yokupoterera nyika
iyi yamakomo kwenguva yakakwana, zvino chidzokai muende nechoku-
musoro. 4 Rayira vanhu uti, 'Mava pedyo kuti mupfuure nomunyika
yehama dzenyu zvizvarwa zvaEsau, vagere paSeiri. Ivo vachakutyai, asi
muchenjere kwazvo. 5 Musavatanga kuti murwe, handingakupei chikamu
chipi zvacho chenyika yavo, kunyange pangakwana kuisa rutsoka rwenyu.
Ndakapa Esau nyika yamakomo yeSeiri kuti ive yake. 6 Munofanira
kuvaripa nesirivha zvokudya zvamuchadya nemvura yamuchanwa.' "
7 Jehovha Mwari wenyu akakuropafadzai pamabasa ose amaoko enyu.
Akakutarirai parwendo rwenyu murenje iri guru. Jehovha Mwari
wenyu akava nemi, makore makumi mana aya, uye hapana chinhu
chamakashayiwa.
8 Naizvozvo takapfuura hama dzedu zvizvarwa zvaEsau, vanogara
muSeiri. Takasiya nzira inoenda kuArabha, yeArabha, inobva kuErati
neEzioni Gebheri, ndokufamba nenzira yomurenje reMoabhu.
9 Ipapo Jehovha akataura kwandiri, akati, "Musafurusa vaMoabhu kana
kuvadenha, nokuti handizokupai chikamu chipi zvacho chenyika yavo.
Ndakapa Ari kuzvizvarwa zvaRoti kuti ive yavo."
10 (VaEmi vaisigarako vaiva vanhu vakasimba, vakawanda uye vakareba
savaAnaki. 11 SavaAnaki ivowo vaionekwa savaRefaimu, asi vaMoabhu
vaivadana nezita rokuti vaEmi. 12 VaHori vaimbogarawo muSeiri, asi vana
vaEsau vakavadzinga kubva imomo. Vakaparadza vaHori vakanga varimo
ivo vasati vavamo vakagara munzvimbo yavo, sezvakangoitawo Israeri
munyika yavakapiwa naJehovha kuti ive yavo).
13 Uye Jehovha akati, "Zvino chisimukai muyambuke Mupata weZ-
eredhi." Saka takayambuka mupata.
14 Makore makumi matatu namasere akanga apfuura kubva panguva
yatakabva paKadheshi Bharinea kusvikira patakazoyambuka Mupata
weZeredhi. Panguva iyoyi chizvarwa chose chavarume vezera rokurwa
chakanga chaparara kubva pamisasa, sezvakanga zvapikirwa naJehovha
kwavari. 15 Ruoko rwaJehovha rwakaramba ruchivarwisa kusvikira
rwavaparadza zvachose.

16 Zvino wokupedzisira pakati pavarume ava vokurwa akati afa,
17 Jehovha akati kwandiri, 18 “Nhasi unofanira kupfuura nomunyika
yeMoabhu, paAri. 19 Kana woswedera pedyo navaAmoni, usavafurusa
kana kuvadenha kuti murwisane, nokuti handingakupei kuti mutore nyika
ipi zvayo yavaAmori. Ndakaipa kuti ive yezvizvarwa zvaRoti.”

20 (Naiyowo yainzi inyika yevaRafaimu, vaisimbogaramo; asi vaAmoni
vaivadaidza kuti vaZamuzumi. 21 Vaiva vanhu vakasimba, vakawanda,
uye vakareba savaAnaki. Jehovha akavaparadza pamberi pavaAmoni,
avo vakavadzinga ndokugara munzvimbo yavo. 22 Jehovha akanga aitira
zvimwe chetezvo kuzvizvarwa zvaEsau, vaigara muSeiri, paakaparadza
vaHori pamberi pavo. Vakavadzinga ndokugara munzvimbo yavo
kusvikira nhasi. 23 Uye kana vari vaAvhi vakanga vagere mumisha
kusvikira kuGaza, vaKafitori vaibva Kafitori vakavaparadza ndokugara
munzvimbo yavo.)

### *Kukundwa kwaSihoni mambo weHeshibhoni*

24 Budai zvino muende, muyambuke mupata weArinoni. Tarirai
ndakaisa muruoko rwenyu Sihoni muAmori, mambo weHeshibhoni,
nenyika yake. Tangai kuitora mugorwa naye. 25 Nhasi chaiye ndichatanga
kuvhundutsa nokutyisa ndudzi dzose dziri pasi pedenga nokuda kwenyu.
Ivo vachanzwa guhu pamusoro penyu vagodedera nokutya kwazvo
pamusoro penyu.

26 Ndakatuma nhume kubva murenje reKedhemoti kuna Sihoni mambo
weHeshibhoni ndichikumbira rugare, uye ndikati, 27 “Titenderei kuti
tipfuure nomunyika yenyu. Tichafamba nemugwagwa mukuru; hatizot-
sauki kurudyi kana kuruboshwe. 28 Mutitengesere zvokudya nemvura
yokunwa nomutengo wazvo wesirivha. Chingotitenderai henyu kuti
tipfuure netsoka, 29 sezvatakaitirwa nezvizvarwa zvaEsau vagere muSeiri,
nevaMoabhu vagere muAri. Kusvikira tayambuka Jorodhani tichipinda
munyika iyo yatinopiwa naJehovha Mwari wedu.” 30 Asi Sihoni mambo
weHeshibhoni akaramba kutitendera kuti tipfuure nomo. Nokuti Jehovha
Mwari wenyu akanga aomesa mweya wake uye akanga arambidza mwoyo
wake, kuti agomuisa mumaoko enyu, sezvaaita iye zvino.

31 Jehovha akati kwandiri, “Tarira ndatanga kuisa Sihoni nenyika yake
kwauri. Zvino chitanga kuikunda ugotora nyika yake.”

32 Sihoni nehondo yake yose akati auya kuzorwa nesu paJahazi,
33 Jehovha Mwari wedu akamuisa kwatiri uye takamuparadza, iye pamwe
chete navanakomana vake nehondo yake yose. 34 Panguva iyoyo takatora
maguta ake ose tikaaparadza chose, varume navakadzi uye navana.
Hapana watakasiya ari mupenyu. 35 Asi zvipfuwo nezvatakapamba
kubva mumaguta takazvitora kuti zvive zvedu. 36 Kubva paAroeri
pamahombekombe oMupata weArinoni, nokubva kuguta rokumupata,
kunyange kusvikira kuGireadhi, hakuna kumbova kana neguta rimwe
chete rakatikunda. Jehovha Mwari wedu akatipa vose. 37 Asi maer-
erano nokurayira kwaJehovha Mwari wedu hamuna kuswedera kunyika
ipi zvayo yavaAmoni, kunyange kunyika iri kurutivi rweJabhoki kana
kunyika yakapoteredza maguta ari mumakomo.

## 3

### *Kukundwa kwaOgi mambo weBhashani*

1 Mushure maizvozvo takadzoka tikakwidza nenzira inoenda kuB-
hashani, uye Ogi mambo weBhashani nehondo yake yose vakauya ku-
zorwa nesu paEdhirei. 2 Jehovha akati kwandiri, "Usatya nokuda kwake,
nokuti ndakamuisa kwauri uye nenyika yake. Muitire sezvamakaita kuna
Sihani mambo wavaAmoni, akanga achitonga muHeshibhoni."

3 Naizvozvo Jehovha Mwari wedu akaisawo Ogi mambo weBhashani ne-
hondo yake yose mumaoko edu. Takavaparadza tikasasiya kana mumwe
chete mupenyu. 4 Panguva iyoyo takatora maguta ake ose. Hapana
kana guta rimwe chete ratisina kuvatorera pamaguta makumi matanhatu,
nyika yose yeArigobhu, noushe hwaOgi muBhashani. 5 Maguta ose iwaya
akanga akapoteredzwa namasvingo marefu namasuo namazariro, uye
kwakanga kunewo misha mizhinji kwazvo yakanga isina kukomberedzwa
namasvingo. 6 Takaaparadza zvachose, sezvatakaitira Sihoni mambo
weHeshibhoni, takaparadza guta rimwe nerimwe, varume, navakadzi uye
navana. 7 Asi zvipfuwo zvose nezvatakapamba kubva mumaguta avo
takazvitora zvikava zvedu.
8 Saka nenguva iyoyo takatorera madzimambo maviri aya avaA-
moni nyika yokumabvazuva kweJorodhani, kubva paMupata weArinoni
kusvikira kuGomo reHerimoni. 9 (Herimoni rinonzi Sirioni navaSidhoni;
vaAmori vanoriti Seniri). 10 Takatora maguta ose enzvimbo yakakwirira
neGireadhi yose, uye neBhashani yose kusvikira paSareka neEdhirei,
maguta oushe hwaOgi muBhashani. 11 (Ogi mambo weBhashani ndiye
chete akasara pane vakasara vevaRefaiti. Mubhedha wake wakanga wak-
agadzirwa nesimbi uye wakanga wakareba makubhiti mapfumbamwe*
uye makubhiti mana† paupamhi. Uchiriko muRabha ravaAmoni.)

### *Kugoverwa kweNyika*

12 Panyika yatakatora panguva iyoyo, ndakapa vaRubheni navaGadhi
nyika yokumusoro kweAroeri Mupata weArimoni, kusanganisira nehafu
yenyika yamakomo yeGireadhi, pamwe chete namaguta ayo. 13 Imwe
nyika yose yeGireadhi uyewo neBhashani yose, muumambo hwaOgi
ndakapa kuhafu yorudzi rwaManase. (Nyika yose yeArigobhu muB-
hashani yaimbozivikanwa senyika yavaRefaimu. 14 Jairi mwana wa-
Manase, akatora nyika yose yeArigobhu, kusvikira kumuganhu wav-
aGeshuri navaMaakati, akaitumidza zita rake zvokuti nanhasi Bhashani
inonzi Havhoti Jairi.) 15 Uye ndakapa Gireadhi kuna Makiri. 16 Asi
vaRubheni navaGadhi ndakavapa nyika inobva paGireadhi zvichidzika
kusvikira paMupata weArinoni (pakati pemupata uriwo muganhu) uye
kubuda kusvikira kuRwizi Jabhoki, unova ndiwo muganhu wavaAmoni.
17 Muganhu wayo wokumavirira waiva Jorodhani muArabha, kubva
Kinereti kusvika kuGungwa reArabha (Gungwa roMunyu), mujinga ma-
mawere ePisiga.

18 Panguva iyo ndakakurayirai, ndikati, "Jehovha Mwari wenyu akaku-
pai nyika iyi kuti ive yenyu. Asi varume vose vakasimba vanofanira
kuyambuka pamberi pehama dzenyu vaIsraeri, vakashonga nhumbi
dzokurwa. 19 Asi, vakadzi venyu navana venyu uye nezvipfuwo zvenyu
(ndinoziva kuti mune zvipfuwo zvakawanda) zvinosara mumaguta an-
dakakupai, 20 kusvikira Jehovha apa hama dzenyu zororo sezvaakarayira
kwamuri, uye naivowo vatora nyika yavanopiwa naJehovha Mwari wenyu

* **3:11** 3:11 mamita angaita 2 † **3:11** 3:11 mamita angaita 1.8

mhiri kwaJorodhani. Shure kwaizvozvo mumwe nomumwe wenyu
achadzoka kunhaka yandakakupai."

### *Mozisi anorambidzwa kuyambuka Jorodhani*

21 Panguva iyo ndakarayira Joshua, ndikati, "Wakaona nameso ako
zvose zvakaitwa naJehovha Mwari wako kumadzimambo maviri aya. Je-
hovha achaita zvimwe chetezvo kuushe hwose mhiri uko kwamunoenda.
22 Usavatya; Jehovha Mwari wako pachake achakurwira."
23 Zvino ndakanyengetera kuna Jehovha panguva iyo, ndikati, 24 "Imi
Ishe Jehovha, makatanga kuratidza muranda wenyu ukuru hwenyu
noruoko rwenyu rune simba. Nokuti ndoupiko Mwari kudenga kana
panyika angaita zvakafanana namabasa enyu uye namabasa makuru
amunoita? 25 Nditenderei henyu kuti ndiyambuke ndinoona nyika
yakanaka iri mhiri kwaJorodhani, iyo nyika yamakomo yakanaka neReb-
hanoni."
26 Asi nokuda kwenyu, Jehovha akanditsamwira akasandinzwa Jehovha
akati kwandiri, "Zvaringana. Usataurazve kwandiri pamusoro peshoko iri.
27 Kwira pamusoro pegomo rePisiga ugotarisa kumadokero nokumusoro
nezasi nokumabvazuva, uone nyika yacho nameso ako, sezvo usingazoy-
ambuki Jorodhani urwu. 28 Asi rayira Joshua, ugomukurudzira noku-
musimbisa nokuti achatungamirira vanhu ava pakuyambuka uye achaita
kuti vagare nhaka yenyika yauchaona." 29 Saka takagara mumupata uri
pedyo neBheti Peori.

## 4

### *Mozisi anovarayira kuti vateerere*

1 Teererai zvino, imi vaIsraeri, mitemo nemirayiro yandava kukudzidzi-
sai. Muitevere kuti murarame uye mugopinda mugotora nyika iyo
munopiwa naJehovha, Mwari wamadzibaba enyu. 2 Musawedzera
kana kutapudza kubva pane zvandinokurayirai, asi chengetai mirayiro
yaJehovha Mwari wenyu yandinokupai.
3 Makaona nameso enyu zvakaitwa naJehovha paBhaari Peori, Jehovha
Mwari wenyu akaparadza mumwe nomumwe pakati penyu aitevera
Bhaari Peori. 4 Asi imi mose makanamatira pana Jehovha Mwari wenyu
muchiri vapenyu nhasi.
5 Tarirai, ndakudzidzisai mitemo nemirayiro sezvandakarayirwa na-
Jehovha Mwari wangu, kuti muitevere munyika yamuri kupinda
kuti muitore ive yenyu. 6 Muichengete zvakanaka, nokuti izvi
zvicharatidza uchenjeri nokunzwisisa kwenyu kundudzi dzichanzwa pa-
musoro pemitemo iyi yose uye vachati, "Zvirokwazvo rudzi urwu rukuru,
vanhu vakachenjera uye vanonzwisisa." 7 Ndorupi rumwe rudzi rukuru
runa vamwari varwo vari pedyo navo saJehovha Mwari wedu ari pedyo
nesu nguva ipi neipi zvayo yatinonyengetera kwaari? 8 Uye ndorupiko
rudzi rukuru rune mitemo nemirayiro yakarurama semirayiro iyi yandiri
kuisa pamberi penyu nhasi?
9 Asi zvichenjererei, mugonyatsozvichengetedza kuitira kuti murege
kukanganwa zvinhu zvakaonekwa nameso enyu kana kuzvirega
zvichibuda mumwoyo menyu mazuva ose oupenyu hwenyu.
Muzvidzidzise nokuvana venyu. 10 Murangarire zuva ramakamira
pamberi paJehovha Mwari wenyu paHorebhi, paakati kwandiri,
"Unganidza vanhu pamberi pangu kuti vanzwe mashoko angu vagodzidza
kunditya mazuva ose avachagara panyika uye kuti vagozoadzidzisa

kuvana vavo.” 11 Makaswedera mukamira pajinga pegomo, gomo
paraipfuta nomoto waisvika kumatenga chaiko, pamwe chete nemakore
matema nerima guru. 12 Ipapo Jehovha akataura kwamuri ari mukati
memoto. Makanzwa inzwi chete asi hamuna kuona kuti ndiani;
kwaingova nenzwi roga. 13 Akataura sungano yake kwamuri, Mirayiro
Gumi, yaakakurayirai kuti muitevere uye ipapo akainyora pamahwendefa
maviri amabwe. 14 Zvino Jehovha akanditungamirira panguva iyo kuti
ndikudzidzisei mitemo nemirayiro yamunofanira kundotevera munyika
iyo yamunoyambukira Jorodhani kuti ive yenyu.

### *Zvifananidzo zvinorambidzwa*

15 Nokuti hamuna kuona zvaakanga akaita nezuva iro Jehovha akataura
kwamuri paHorebhi ari mumoto. Naizvozvo zvichenjererei zvikuru,
16 kuitira kuti muregе kuzvisvibisa muchizvigadzirira chifananidzo, chi-
fananidzo chechinhu chipi zvacho, chingava chakaitwa somurume kana
somukadzi, 17 kana semhuka ipi zvayo panyika kana seshiri ipi zvayo
inobhururuka mudenga, 18 kana sechisikwa chipi zvacho chinofamba pasi
kana hove ipi zvayo iri pasi mumvura. 19 Uye kuti kana muchitarisa
kudenga mukaona zuva, nomwedzi nenyeredzi, zvose zviri kudenga,
musatsauswa kuti muzvipfugamire nokunamata zvinhu izvo Jehovha
Mwari wenyu akagovera ndudzi dzose dziri pasi pedenga. 20 Asi kana muri
imi, Jehovha akakutorai akakubudisai muchoto chamatare, akakubudisai
muIjipiti, kuti muve vanhu venhaka yake, sezvamuri nhasi.

21 Jehovha akanditsamwira nokuda kwenyu, akapika kuti handingayam-
buki Jorodhani nokupinda munyika yakanaka iyo munopiwa naJehovha
Mwari wenyu kuti ive nhaka yenyu. 22 Ini ndichafira munyika ino;
handichayambuki Jorodhani; asi imi mava kuzoyambuka nokutora nyika
yakanaka. 23 Muzvichenjerere kuti muregе kukanganwa sungano yaJe-
hovha Mwari wenyu yaakaita nemi; musazviitira chifananidzo chorudzi
rwechinhu chipi zvakadziviswa naJehovha Mwari wenyu. 24 Nokuti
Jehovha Mwari wenyu moto unoparadza, ndiMwari ane godo.

25 Mushure mokunge mava navana navazukuru uye magara nguva refu
munyika, kana mukazvishatisa nokugadzira chifananidzo chorudzi rupi
zvarwo, mukaita zvakaipa pamberi paJehovha Mwari wenyu muchimuita
kuti atsamwe, 26 ndinodana denga napasi sezvapupu pamusoro penyu
nhasi, kuti muchakurumidza kuparara kubva panyika yamuri kuyam-
bukira Jorodhani kuti ive yenyu. Hamungagarimo nguva refu asi
muchaparadzwa zvirokwazvo. 27 Jehovha achakuparadzirai pakati pa-
marudzi, uye vashoma venyu chete ndivo vachapona pakati pendudzi
uko kwamuchadzingirwa naJehovha. 28 Ikoko muchanamata vamwari
vakaitwa navanhu, vamatanda navamabwe, vasingagoni kana kunzwa
kana kudya kana kunhuhwidza. 29 Asi kana mava ikoko mukatsvaka
Jehovha Mwari wenyu, muchamuwana kana mukamutsvaka nomwoyo
wenyu wose nomweya wenyu wose. 30 Kana muchinge matambudzika uye
zvinhu zvose izvi zvaitika kwamuri, ipapo pamazuva achatevera muchad-
zoka kuna Jehovha Mwari wenyu mugomuteerera. 31 Nokuti Jehovha
Mwari wenyu ndiMwari ane ngoni, haangakusiyei kana kukuparadzai,
kana kukanganwa sungano yamadzibaba enyu, yaakasimbisa kwavari
nemhiko.

### *Jehovha ndiMwari*

[32] Bvunzai zvino pamusoro pamazuva akapfuura kare imi musati
mavapo, kubva nezuva iro Mwari akasika munhu panyika; bvunzai kubva
kuno rumwe rutivi rwedenga kusvikira kuno rumwe. Kune chinhu
chakamboitika chakakura seichi here, kana chimwe chakafanana nacho
chakambonzwika? [33] Kune vamwe vanhu vakambonzwa inzwi raMwari
achitaura ari mukati momoto here, sezvamakanzwa imi uye vakararama?
[34] Kune mumwe mwari here akaedza kundozvitsaurira rudzi pakati
porumwe rudzi, nemiedzo, nezviratidzo, nezvishamiso, nehondo, noruoko
rune simba, noruoko rwakatambanudzwa, kana namabasa makuru
anotyisa, sezvinhu zvose zvakaitwa naJehovha Mwari wenyu pamberi
penyu muIjipiti?

[35] Makaratidzwa zvinhu zvose izvi kuti muzive kuti Jehovha ndiMwari;
kunze kwake hakuna mumwe. [36] Kubva kudenga akaita kuti munzwe
inzwi rake kuti akudzidzisei. Panyika akakuratidzai moto wake mukuru,
uye makanzwa mashoko ake kubva mukati momoto. [37] Nokuti akada
madzibaba enyu uye akazvitsaurira zvizvarwa zvavo zvakavatevera shure
kwavo, akakubudisai muIjipiti noKuvapo kwake nesimba rake guru, [38] kuti
adzinge pamberi penyu ndudzi dzinokupfuurai pakukura napasimba uye
nokukuuyisai munyika yavo kuti aipe kwamuri senhaka sezvazviri nhasi.

[39] Zvizivei nokuzvichengeta mumwoyo nhasi kuti Jehovha ndiMwari ari
kudenga kumusoro uye napanyika pasi. Hakunazve mumwe. [40] Chengetai
mitemo nemirayiro yake yandinokupai nhasi, kuitira kuti zvigokuitirai
zvakanaka imi navana venyu vanokuteverai uye kuti mugogara mazuva
mazhinji panyika yamunopiwa naJehovha Mwari wenyu nokusingaperi.

### *Maguta oUtiziro*

[41] Zvino Mozisi akatsaura maguta matatu kumabvazuva mhiri kwa-
Jorodhani, [42] uko ani naani anenge auraya munhu aitizira kana achinge
auraya muvakidzani wake asingaiti nobwoni uye asingazvifungiri. Aigona
kutizira mune rimwe ramaguta aya kuti ararame. [43] Maguta aya aiti:
Bhezeri mudunhu rakakwirira rokurenje raiva ravaRubheni; Ramoti
paGireadhi, raiva ravaGadhi; neGorani paBhashani, raiva ravaManase.

### *Kupiwa kwoMurayiro*

[44] Uyu ndiwo murayiro wakaiswa naMozisi pamberi pavaIsraeri: [45] Izvi
ndizvo zvakataurwa naMozisi, mitemo nemirayiro yaakavapa pavak-
abuda kubva muIjipiti [46] uye vari kumabvazuva kwaJorodhani mumu-
pata uri pedyo neBheti Peori, munyika yaSihoni mambo wavaAmori,
aitonga muHeshibhoni uyo akakundwa navaIsraeri pavakabuda muIjipiti.
[47] Vakatora nyika yake nenyika yaOgi mambo weBhashani, madzimambo
maviri avaAmori aiva kumabvazuva kweJorodhani. [48] Nyika iyi yaibva
paAroeri pamahombekombe oMupata weArinoni kusvika pagomo reSioni
(ndiro Herimoni), [49] uye kusanganisira Arabha yose kumabvazuva kwa-
Jorodhani, kusvikira kuGungwa reArabha, mujinga memateru ePisiga.

## 5

### *Mirayiro Gumi*

[1] Mozisi akadana vaIsraeri vose, akati:

Inzwai imi vaIsraeri, mitemo nemirayiro yandinotaura muchinzwa
nhasi. Idzidzei muchenjerere kuti muiteerere [2] Jehovha Mwari wedu
akaita sungano nesu paHorebhi. [3] Jehovha haana kuita sungano iyi
namadzibaba edu, asi akaiita nesu, nesu tose vapenyu nhasi pano.

4 Jehovha akataura nemi chiso nechiso ari mukati memoto pagomo.
5 Panguva iyo ndakanga ndimire pakati paJehovha nemi kuti ndizivise
kwamuri shoko raJehovha, nokuti makanga muchitya moto mukasakwira
mugomo. Uye iye akati:

6 "Ndini Jehovha Mwari wako akakubudisa kubva munyika yeIjipiti, munyika youranda.

7 "Usava navamwe vamwari kunze kwangu.

8 Usazviitira mufananidzo wechinhu chipi zvacho chiri kudenga kumu-
soro kana panyika pasi kana pasi mumvura. 9 Usazvipfugamira kana
kuzvinamata; nokuti ini, Jehovha Mwari wako, ndiri Mwari ane godo,
ndinoranga vana nokuda kwechivi chamadzibaba kusvikira kurudzi
rwechitatu norwechina rwaavo vanondivenga, 10 asi ndichiratidza
rudo kune chiuru chemarudzi avanondida, vanochengeta mirayiro
yangu.

11 Usareva zita raJehovha Mwari wako pasina, nokuti Jehovha haangaregi kupa mhosva ani naani anoreva zita rake pasina.

12 Chengeta zuva reSabata rive dzvene, sezvawakarayirwa naJehovha
Mwari wako. 13 Ubate basa mazuva matanhatu, nokuita basa
rako rose, 14 asi zuva rechinomwe iSabata kuna Jehovha Mwari
wako. Nomusi uyo usabata basa ripi zvaro, kunyange iwe, kana
mwanakomana wako, kana mwanasikana wako, uye murandarume
kana murandakadzi wako, nenzombe yako kana mbongoro yako
kana chimwe chezvipfuwo zvako, nomutorwa ari mukati mamasuo
ako, kuitira kuti murandarume nomurandakadzi wako azorore sewe.
15 Murangarire kuti imi maimbova varanda munyika yeIjipiti uye kuti
Jehovha Mwari wenyu akakubudisai nechanza chine simba noruoko
rwakatambanudzwa. Naizvozvo Jehovha Mwari wako anokurayira
kuti uchengete zuva reSabata.

16 Kudza baba vako namai vako, sezvawakarayirwa naJehovha Mwari wako, kuti mazuva ako ave mazhinji uye kuti zvigokuitira zvakanaka panyika yaunopiwa naJehovha Mwari wako.

17 Usauraya.

18 Usaita upombwe.

19 Usaba.

20 Usapupura nhema pamusoro pomuvakidzani wako.

21 Usachiva mudzimai womuvakidzani wako. Usachochora imba kana munda womuvakidzani wako, muranda kana murandakadzi wake, nzombe kana mbongoro kana chimwe chinhu chomuvakidzani wako."

22 Iyi ndiyo mirayiro yakataurwa naJehovha nenzwi guru kuungano yenyu yose pagomo paya ari mukati memoto, mugore nerima guru, uye haana kuwedzera mamwe. Ipapo akaanyora pamahwendefa maviri amabwe ndokuapa kwandiri.

23 Pamakanzwa inzwi richibva mukati merima, negomo richipfuta
nomoto, varume vose vanotungamira marudzi enyu, navakuru venyu
vakauya kwandiri. 24 Uye makati, "Jehovha Mwari wedu atiratidza
kubwinya kwake noukuru hwake, tikanzwa inzwi rake richibva mumoto.
Nhasi taona kuti munhu anogona kurarama kunyange dai Mwari akataura
naye. 25 Asi zvino, tingafireiko? Uyu moto mukuru uchatiparadza,

uye tichafa kana tikaramba tichinzwa inzwi raJehovha Mwari wedu.
26 Nokuti ndianiko munhu anofa akambonzwa inzwi raMwari mupenyu
achitaura ari mumoto, sesu, uye akararama? 27 Swedera undonzwa zvose
zvicharehwa naJehovha Mwari wedu. Zvino iwe ugozotiudza zvose hazvo
zvauchaudzwa naJehovha Mwari wedu. Tichazvinzwa tigozviita."

28 Jehovha akakunzwai pamakataura kwandiri uye Jehovha akati
kwandiri, "Ndanzwa zvataurwa navanhu kwauri. Zvose zvavataura
zvakanaka. 29 Haiwa, dai mwoyo yavo yainditya nokuchengeta zvose
zvandakarayira nguva dzose, kuti zvivaitire zvakanaka ivo navana vavo
nokusingaperi!

30 "Enda undovaudza kuti vadzokere kumatende avo. 31 Asi iwe mira
pano pandiri kuti ndikupe zvandakarayira, mitemo nemirayiro yose
yaunofanira kuvadzidzisa kuti vazviite panyika yandinovapa kuti ive
yavo."

32 Saka chenjerai kuti muite zvamakarayirwa naJehovha Mwari wenyu;
musatsauka kurudyi kana kuruboshwe. 33 Mufambe nenzira yose
yamakarayirwa naJehovha Mwari wenyu, kuti murarame nokubudirira
uye kuti mazuva enyu ave mazhinji panyika iyo ichava yenyu.

# 6

*Ida Jehovha Mwari wako*

1 Iyi ndiyo mitemo, nemirayiro zvandakarayirwa naJehovha Mwari
wenyu kuti ndikudzidzisei kuti muzviite munyika yamunoyambukira
Jorodhani kuti ive yenyu, 2 kuitira kuti iwe, navana vako navana
vavo vachavatevera mutye Jehovha Mwari wenyu pakurarama kwenyu
nokuchengeta mitemo nemirayiro yake yose yandinokupai, uye kuitira
kuti muve namazuva mazhinji okurarama. 3 Chinzwa, iwe Israeri,
uchenjere kuti uzviite kuitira kuti zvikunakire uye kuti muwande kwazvo
munyika inoyerera mukaka nouchi, sezvamakavimbiswa naJehovha, iye
Mwari wamadzibaba enyu.

4 Chinzwa iwe Israeri: Jehovha Mwari wedu, ndiJehovha mumwe chete.
5 Ida Jehovha Mwari wako nomwoyo wako wose nomweya wako wose
uye nesimba rako rose. 6 Mirayiro iyi yandinokupai nhasi inofanira
kuva mumwoyo yenyu. 7 Zvisimbisei kuvana venyu. Taurai pamusoro
payo kana mugere mudzimba dzenyu uye kana muchifamba munzira,
kana muchivata pasi uye kana muchimuka. 8 Isungirirei pamaoko enyu
sechiratidzo mugoisungira pahuma dzenyu. 9 Muinyore pamagwatidziro
emikova yedzimba dzenyu uye napamasuo enyu.

10 Zvino kana Jehovha Mwari wenyu achinge akupinzai munyika
yaakapikira kumadzibaba enyu, Abhurahama, naIsaka, naJakobho, kuti
achakupai, nyika ina maguta makuru akanaka, amusina kuvaka imi,
11 dzimba dzizere nezvinhu zvakanaka zvamarudzi ose zvamusina
kutsvaka imi, matsime amusina kuchera, minda yemizambiringa na-
masango nemiti yemiorivhi yamusina kusima, zvino kana muchinge
madya uye mukaguta, 12 muchenjerere kuti murege kukanganwa Jehovha,
akakubudisai kubva muIjipiti, kubva munyika youranda.

13 Itya Jehovha Mwari wako, ushumire iye oga ugoita mhiko dzako
muzita rake. 14 Musatevera vamwe vamwari, vamwari vendudzi
dzakakupoteredzai; 15 nokuti Jehovha Mwari wenyu ari pakati penyu
ndiMwari ane godo uye hasha dzake dzichapisa pamusoro penyu, uye
achakuparadzai kubva pamusoro penyika. 16 Musaedza Jehovha Mwari

wenyu sezvamakaita paMasa. 17 Chenjererai kuchengeta mirayiro ya-
Jehovha Mwari wenyu nezvaakatema nemitemo yaakakupai. 18 Itai
zvakarurama nezvakanaka pamberi paJehovha, kuitira kuti zvigoku-
nakirai, mugopinda mugotora nyika yakanaka iyo Jehovha akavimbisa
nemhiko kumadzitateguru enyu, 19 agoparadza vavengi venyu vose
pamberi penyu, sezvakataurwa naJehovha.

20 Panguva inotevera, kana mwanakomana wako akakubvunza achiti,
“Ko, zvakatemwa izvi, mitemo nemirayiro yamakarayirwa naJehovha
Mwari wedu zvinorevei?” 21 Umuudze kuti, “Takanga tiri varanda
vaFaro muIjipiti, asi Jehovha akatibudisa muIjipiti noruoko rune simba.
22 Jehovha akatumira pamberi pedu zviratidzo nezvishamiso zvinotyisa
pamusoro peIjipiti naFaro neimba yake yose. 23 Asi akatibudisamo
kuti atipinze nokutipa nyika yaakavimbisa nemhiko kumadzibaba edu.
24 Jehovha akatirayira kuti titeerere mitemo iyi yose nokutya Jehovha
Mwari wedu, kuitira kuti tibudirire nguva dzose nokurarama sezvatakaita
nhasi. 25 Uye kana tichichenjerera kuteerera murayiro uyu wose pamberi
paJehovha Mwari wedu, sezvaakatirayira, ndiko kuchava kururama
kwedu.”

# 7

*Kudzinga Ndudzi*

1 Zvino kana Jehovha Mwari wenyu akusvitsai munyika yamuri kupinda
kuti ive yenyu akadzinga ndudzi zhinji pamberi penyu dzinoti: vaHiti,
vaGirigashi, vaAmori, vaKenani vaPerizi, vaHivhi, navaJebhusi, ndudzi
nomwe dzakakura uye dzakasimba kukupfuurai, 2 uye kana Jehovha
Mwari wenyu akavaisa mumaoko enyu akavakunda, ipapo munofanira
kuvaparadza zvachose. Musaita chibvumirano navo, uye musavanzwira
tsitsi. 3 Musaroorerana navo. Musapa vanasikana venyu kuvanakomana
vavo kana kutorera vanakomana venyu vanasikana vavo, 4 nokuti vachat-
sausa vanakomana venyu kubva pakunditevera kuti vashumire vamwe
vamwari, uye kutsamwa kwaJehovha kuchapisa pamusoro penyu uye
achakuparadzai nokukurumidza. 5 Izvi ndizvo zvamunofanira kuvaitira:
Putsai aritari dzavo, pwanyai matombo avo anoera, temai mapango avo
aAshera mugopisa zvifananidzo zvavo. 6 Nokuti muri rudzi rutsvene
kuna Jehovha Mwari wenyu, Jehovha Mwari wenyu akakutsaurai kubva
kundudzi dzose dziri panyika kuti muve vanhu vake, pfuma yake
inokosha.

7 Jehovha haana kukudai kana kukutsaurai nokuti makanga makawanda
kupfuura dzimwe ndudzi nokuti imi makanga muri vashoma kwazvo
pandudzi dzose. 8 Asi nokuda kwokuti Jehovha anokudai uye akachengeta
mhiko yaakaita kumadzitateguru enyu nokuda kwaizvozvo akakubudisai
noruoko rune simba uye akakudzikinurai kubva munyika youranda,
kubva pasimba raFaro mambo weIjipiti. 9 Naizvozvo zivai kuti Jehovha
Mwari wenyu ndiMwari; iye ndiMwari akatendeka anochengeta sungano
yake yorudo kusvikira kumarudzi ane chiuru chamarudzi kuna avo
vanomuda uye vanochengeta mirayiro yake. 10 Asi
vaya vanomuvenga achatsiva pamberi pavo nokuparadza;
haachazononoki kutsiva pamberi pavo ivo vaya vanomuvenga.
11 Naizvozvo, chenjerai kuti mutevere zvakarayirwa, mitemo nemirayiro
yandinokupai nhasi.

12 Kana mukanyatsoteerera mirayiro iyi uye mukachenjerera kuti
muitevere, ipapo Jehovha Mwari wenyu achachengeta sungano yake
yorudo nemi, sezvaakapika kumadzitateguru enyu. 13 Achakudai uye
achakuropafadzai uye achakuwedzerai uwandu hwenyu. Acharopafadza
zvibereko zvomuviri wako, zvirimwa zvomunda wako, zviyo zvako, waini
itsva namafuta, mhuru dzemombe uye makwayana amapoka ako munyika
iyo yaakapikira madzitateguru enyu, kuti achakupai. 14 Mucharopafadzwa
kupfuura mamwe marudzi ose, hapangavi nomurume kana mukadzi
asingabereki, kana chipfuwo chipi zvacho chisingabereki. 15 Jehovha
achakuchengetedzai kubva pahosha dzose. Haangaisi pamusoro penyu
hosha dzakaipisa dzamaiziva muIjipiti, asi achadziisa pamusoro paavo
vose vanokuvengai. 16 Munofanira kuparadza marudzi ose akaiswa
mumaoko enyu naJehovha Mwari wenyu. Musavanzwira tsitsi uye
musashumira vamwari vavo nokuti izvozvo zvichava musungo kwamuri.
17 Mungati mumwoyo menyu, "Ndudzi idzi dzakasimba kutipfuura. Tin-
gadzidzinga seiko?" 18 Hamufaniri kuvatya; nyatsorangarirai zvakaitwa
naJehovha Mwari wenyu kuna Faro neIjipiti yose. 19 Makazviona nameso
enyu matambudziko makuru, zviratidzo nezvishamiso, ruoko rune simba
uye rwakatambanudzwa urwo Jehovha Mwari wenyu akakubudisai
narwo. Jehovha Mwari wenyu achaita zvimwe chetezvo kumarudzi aya
ose amava kutya zvino. 20 Pamusoro pezvo Jehovha Mwari achatumira
mago pakati pavo kusvikira kunyange nevachasara vari vapenyu vaka-
vanda kubva kwamuri vaparadzwa. 21 Musatyiswa navo, nokuti Jehovha
Mwari wenyu, ari pakati penyu ndiMwari mukuru anotyisa. 22 Jehovha
Mwari wenyu achadzinga ndudzi idzi kubva pamberi penyu, zvishoma
nezvishoma. Hamungatenderwi kuvaparadza vose kamwe chete, kuti
zvikara zvesango zviregе kuwanda munzvimbo dzakakupoteredzai. 23 Asi
Jehovha Mwari wenyu achavapa kwamuri, achivakanganisa zvikuru
kusvikira vaparadzwa. 24 Achaisa madzimambo avo muruoko rwenyu,
uye achabvisa mazita avo pasi pedenga. Hapana achagona kumira
pamberi penyu; muchavaparadza. 25 Zvifananidzo zvavamwari vavo
munofanira kuzvipisa. Musachiva sirivha kana negoridhe riri pazviri,
uye musaritora kuti rive renyu, nokuti ringava musungo kwamuri,
nokuti rinonyangadza kuna Jehovha Mwari wenyu. 26 Usauyisa chinhu
chinonyangadza mumba mako, kuti iwe, saicho, urege kutsaurirwa ku-
paradzwa. Chiseme kwazvo ugochivenga, nokuti chinhu chakatsaurirwa
kuparadzwa.

# 8

*Usakanganwa Jehovha*

1 Muchenjerere kutevera murayiro mumwe nomumwe, wandinoku-
pai nhasi, kuitira kuti mugorarama, mugowanda, mugopinda mu-
gotora nyika iyo Jehovha akavimbisa madzitateguru enyu nemhiko.
2 Rangarirai matungamiririrwo amakaitwa naJehovha Mwari wenyu mun-
zira yose yomurenje makore ose aya makumi mana, achikuninipisai
uye achikuedzai kuti azive zvaiva mumwoyo menyu, kana makanga
muchida kuchengeta mirayiro yake kana kuti kwete. 3 Akakuninipisai,
akakuitai kuti muziye nenzara akakugutsai nemana, iyo yakanga
isingazivikanwi nemi kunyange namadzibaba enyu, kuti akudzidzisei kuti
munhu haararame nechingwa chete asi neshoko rimwe nerimwe rinobva
mumuromo maJehovha. 4 Nguo dzenyu hadzina kusakara uye tsoka

dzenyu hadzina kuzvimba pamakore aya makumi mana. 5 Naizvozvo
zvizive mumwoyo wako kuti Jehovha Mwari wako anokuranga, somunhu
anoranga mwanakomana wake.
6 Chengeta mirayiro yaJehovha Mwari wako, ufambe munzira dzake
uye umukudze. 7 Nokuti Jehovha Mwari wako ari kukuuyisa kunyika
yakanaka, nyika ine hova dzemvura namatsime, nezvitubu zvinoerera
mumupata nomumakomo; 8 nyika ine zviyo nebhari, mizambiringa
nemiti yemionde, neyemitamba, namafuta emiorivhi nouchi; 9 nyika
isingashayikwi chingwa uye hamuchazoshayiwi chinhu; nyika ine mabwe
endarira uye uchachera mhangura mumakomo ayo.
10 Kana uchinge wadya waguta rumbidza Jehovha Mwari wako nokuda
kwenyika yakanaka yaakakupa, 11 chenjera kuti urege kukanganwa
Jehovha Mwari wako uchirega kuchengeta zvaakarayira, mirayiro yake
nemitemo yake yandinokupai nhasi. 12 Nokuti zvichida kana wadya
ukaguta, kana ukavaka dzimba dzakanaka uye wagadzikana, 13 uye kana
mombe dzako namapoka amakwai ako zvawanda, nesirivha negoridhe
rako zvawanda uye zvose zvaunazvo zvikawanda, 14 ipapo mwoyo wako
uchazvikudza zvino uchakanganwa Jehovha Mwari wako, akakubudisa
kubva kuIjipiti, kubva kunyika youranda. 15 Akakutungamirirai murenje
guru rinotyisa, munyika iyo yakaoma isina mvura, nenyoka dzayo
nezvinyavada zvine uturu. Akakubudisirai mvura kubva padombo
rakaoma. 16 Akakupai mana kuti mudye murenje, chinhu chakanga
chisingambozivikanwi namadzibaba enyu, kuti akuninipisei nokukuedzai
kuitira kuti zvikuitirei zvakanaka pakupedzisira. 17 Ungati mumwoyo
mako, “Simba rangu nesimba ramaoko angu ndizvo zvakandiitira upfumi
uhu.” 18 Asi urangarire Jehovha Mwari wako, nokuti ndiye anokupa
simba rokuita upfumi, naizvozvo achisimbisa sungano yake, yaakapikira
madzitateguru enyu, sezvazviri nhasi.
19 Kana mukangokanganwa Jehovha Mwari wenyu muchitevera vamwe
vamwari nokuvanamata uye nokuvapfugamira, ndinokupupurirai nhasi
kuti zvirokwazvo muchaparadzwa. 20 Imi muchaparadzwa sendudzi
dzakaparadzwa naJehovha pamberi penyu, kana mukaramba kuteerera
Jehovha Mwari wenyu.

# 9

*Kwete nokuda kwokururama kwaIsraeri*
1 Inzwa, iwe Israeri. Wava kuda kuyambuka Jorodhani zvino kuti
upinde ugotorera ndudzi dzakakura uye dzakasimba kukupfuura, dzina
maguta makuru ane masvingo akareba kwazvo. 2 Vanhu vacho vakasimba
uye varefu vaAnaki! Unoziva nezvavo uye wakanzwa zvichinzi, “Ndiani
angamira kuti arwise vaAnaki?” 3 Asi nhasi uzive kuti Jehovha Mwari
wako ndiye achayambuka ari pamberi pako somoto unoparadza. Achava-
paradza; achavakunda pamberi pako. Uye uchavadzinga ugovaparadza
nokukurumidza sezvawakavimbiswa naJehovha.
4 Shure kwokunge Jehovha Mwari wako avadzinga pamberi pako,
usataura mumwoyo mako uchiti, “Jehovha akandiuyisa muno kuti nditore
nyika ino nokuda kwokururama kwangu.” Kwete, Jehovha achadzinga
ndudzi idzi pamberi pako nokuda kwokuipa kwadzo. 5 Haupindi munyika
yavo kuti ive yako nokuda kwokururama kwako kana kururama kwom-
woyo wako; asi Jehovha Mwari wako achadzinga ndudzi idzi pamberi
pako, nokuda kwokuipa kwadzo, kuti azadzise zvaakapika kumadzibaba

ako, kuna Abhurahama, kuna Isaka, nokuna Jakobho. 6 Naizvozvo
nzwisisa kuti Jehovha Mwari wako haakupi nyika iyi yakanaka kuti
ive yako nokuda kwokururama kwako, nokuti uri rudzi rune mutsipa
mukukutu.

### *Chimhuru cheGoridhe*

7 Rangarirai izvi uye musakanganwa kuti makatsamwisa Jehovha Mwari
wenyu sei murenje. Kubva nezuva ramakabuda muIjipiti kusvikira
muchisvika pano, makaramba muchimukira Jehovha. 8 PaHorebhi
makamutsa hasha dzaJehovha zvokuti akatsamwa zvokuda kukuparadzai.
9 Pandakakwira pagomo kundogamuchira mahwendefa amabwe, iwo
mahwendefa esungano iyo yakanga yaitwa naJehovha nemi, ndakagara
mugomo kwamazuva makumi mana nousiku huna makumi mana;
ndakanga ndisingadyi zvokudya kana kunwa mvura. 10 Jehovha akandipa
mahwendefa maviri amabwe akanga akanyorwa nomunwe waMwari.
Paari pakanga pakanyorwa mirayiro yose yakanga yataurwa kwamuri
naJehovha pagomo ari mukati memoto, nezuva reungano.

11 Pakupera kwamazuva makumi mana nousiku huna makumi mana
Jehovha akandipa mahwendefa maviri amabwe, iwo mahwendefa es-
ungano. 12 Ipapo Jehovha akandiudza kuti, “Buruka ubve pano iye
zvino, nokuti vanhu vako vawakabudisa kubva muIjipiti vaita zvakaipa.
Vatsauka nokukurumidza kubva pane zvandakavarayira uye vazviitira
chifananidzo chakaumbwa.”

13 Uye Jehovha akati kwandiri, “Ndaona rudzi urwu, uye rudzi rune
mutsipa mukukutu kwazvo! 14 Rega ndivaparadze ndigodzima zita ravo
pasi pedenga. Uye ndichakuita rudzi rwakasimba rwakawanda kupfuura
zvavari.”

15 Saka ndakadzoka ndikaburuka kubva pagomo richiri kupfuta nomoto.
Uye ndakanga ndine mahwendefa maviri esungano mumaoko angu.
16 Pandakatarira, ndakaona kuti makanga matadzira Jehovha Mwari
wenyu; makanga mazviitira chifananidzo chakaumbwa mumufananidzo
wemhuru. Makanga matsauka nokukurumidza kubva panzira ya-
makanga marayirwa naJehovha. 17 Saka ndakatora mahwendefa maviri
ndikaakanda pasi kubva mumaoko angu, akaputsika kuita zvimedu
zvimedu muchizviona.

18 Ipapo zvakare ndakawira pasi nechiso changu pamberi paJehovha
kwamazuva makumi mana nousiku huna makumi mana; handina kudya
zvokudya kana kunwa mvura, nokuda kwechivi chose chamakanga maita,
muchiita zvakanga zvakaipa pamberi paJehovha nokudaro mukamutsa
hasha dzake. 19 Ndakatya hasha nokutsamwa kwaJehovha, nokuti akanga
atsamwa zvokuti angakuparadzai. Asi Jehovha akandinzwa. 20 Uye
Jehovha akatsamwira Aroni zvokuti akada kumuparadza, asi panguva
iyoyo ndakanyengetererawo Aroni. 21 Uyezve ndakatora chitadzo chenyu,
chimhuru chamakanga magadzira, ndikachipisa mumoto. Mushure
maizvozvo ndakachiparadza ndikachikuya kusvikira chakuyika seguruva
uye ndikakanda guruva racho murukova rwaiyerera kubva mugomo.

22 Makatsamwisazve Jehovha paTabhera, napaMasa uye napaKibhuroti
Hataavha.

23 Zvino nenguva iyo makatumwa naJehovha kubva paKadheshi
Bharinea, iye akati, “Endai mundotora nyika iyo yandakakupai.” Asi imi
makamukira murayiro waJehovha Mwari wenyu. Hamuna kuvimba naye

kana kumuteerera. 24 Makagara muchimukira Jehovha kubvira pazuva
randakatanga kukuzivai.
25 Ndakawira pasi nechiso changu pamberi paJehovha kwamazuva
iwayo ane makumi mana nousiku huna makumi mana nokuda kwokuti
Jehovha akanga ati aizokuparadzai. 26 Ndakanyengetera kuna Jehovha
ndikati, "Nhai imi Ishe Jehovha, musaparadza vanhu venyu, nhaka yenyu
yamakadzikinura nesimba renyu guru mukavabudisa kubva kuIjipiti
noruoko rune simba. 27 Rangarirai varanda venyu Abhurahama, Isaka
naJakobho. Musatarira kusindimara kworudzi urwu, uipi hwavo nechivi
chavo. 28 Nokuti nyika yamakatibudisa kubva mairi ingazoti, 'Jehovha
akavabudisa akavaurayira murenje, nokuti akanga asingagoni kuvapinza
munyika yaakanga avapikira, uye nokuti akanga achivavenga.' 29 Asi ava
vanhu venyu, nhaka yenyu yamakabudisa nesimba renyu guru noruoko
rwenyu rwakatambanudzwa."

# 10

*Mahwendefa akafanana neokutanga*

1 Panguva iyoyo Jehovha akati kwandiri, "Veza mahwendefa maviri
amabwe akaita saaya okutanga ugouya kwandiri pagomo. Ugadzirewo
zvakare areka yomuti. 2 Ndichanyora pamahwendefa mashoko akanga ari
pamahwendefa okutanga awakaputsa. Zvino unofanira kuaisa muareka."
3 Saka ndakagadzira areka ndichishandisa muti womuunga uye
ndikaveza mahwendefa maviri amabwe akanga akaita seokutanga,
ndikakwira mugomo ndakabata mahwendefa maviri aya mumaoko angu.
4 Jehovha akanyora pamahwendefa aya zvakafanana nezvaakanga anyora
pakutanga, Mirayiro Gumi yaakanga akuudzai pagomo, ari mumoto,
pazuva reungano. Uye Jehovha akaipa kwandiri. 5 Ipapo ndakad-
zoka ndikaburuka pagomo ndikaisa mahwendefa muareka yandakanga
ndagadzira, sezvandakanga ndarayirwa naJehovha, uye ndimo maari
nazvino.
6 (VaIsraeri vakasimuka vakabva pamatsime avaJaakani vakaenda
kuMosera. Ipapo ndipo pakafira Aroni akavigwa, uye Ereazari mwanako-
mana wake akatora chinzvimbo chake somuprista. 7 Vakasimukapo
vakaenda kuGudhugodha vakapfuurira kuenda kuJotibhata, nyika ine
hova dzemvura. 8 Panguva iyoyo Jehovha akatsaura rudzi rwavaRevhi
kuti vatakure areka yesungano yaJehovha, kuti vamire pamberi paJe-
hovha vachishumira, uye kuti varopafadze vanhu muzita raJehovha, sez-
vavanoita nanhasi. 9 Ndokusaka vaRevhi vasina mugove wenhaka pakati
pehama dzavo; Jehovha ndiye nhaka yavo sezvavakaudzwa naJehovha
Mwari wenyu.)
10 Zvino ini ndakanga ndagara pagomo mazuva makumi mana nousiku
huna makumi mana, sezvandakaita pakutanga, uye Jehovha akandinzwa
panguva iyoyo zvakare. Kwakanga kusiri kuda kwake kuti akuparadzei.
11 Jehovha akati kwandiri, "Enda, utungamirire vanhu panzira yavo,
kuitira kuti vapinde uye vatore nyika yandakapikira madzibaba avo kuti
ndichavapa."

*Itya Jehovha*

12 Zvino, iwe Israeri, Jehovha Mwari wako anodeiko kwauri kunze
kwokuti utye Jehovha Mwari wako, ufambe munzira dzake dzose, umude,
uye ushumire Jehovha Mwari wako nomwoyo wako wose nomweya wako

wose, 13 uye uchengete mirayiro yaJehovha nemitemo yake yandinokupai
nhasi kuti zvikunakire?
14 Denga, kunyange nedenga ramatenga, nenyika nezvose zviri mairi
ndezvaJehovha Mwari wako. 15 Kunyange zvakadaro Jehovha akafarira
madzitateguru enyu akavada uye akakutsaurai, imi zvizvarwa zvavo, pa-
musoro pedzimwe ndudzi dzose sezvazviri nhasi. 16 Naizvozvo, dzingisai
mwoyo yenyu, uye murege kuva nemitsipa mikukutu zvakare. 17 Nokuti
Jehovha Mwari wenyu ndiMwari wavamwari naIshe wamadzishe, Mwari
mukuru, ane simba guru uye anotyisa, asingatsauri vanhu uye asin-
gagamuchiri fufuro. 18 Anoruramisira nherera nechirikadzi, uye anoda
mutorwa, agomupa zvokudya nezvokupfeka. 19 Uye munofanira kuda
vatorwa, nokuti imi maimbovawo vatorwa muIjipiti. 20 Ityai Jehovha
Mwari wenyu mugomushumira. Batirirai paari uye muite mhiko dzenyu
muzita rake. 21 Ndiye rumbidzo yenyu; ndiye Mwari wenyu, iye
akakuitirai zvinhu zvikuru nezvishamiso zvinotyisa zviya zvamakaona
nameso enyu. 22 Madzitateguru enyu akaenda kuIjipiti vari makumi
manomwe pamwe chete, uye zvino Jehovha Mwari wenyu akaita kuti
muwande senyeredzi dzokudenga.

# 11

*Ida Jehovha uye umuteerere*

1 Idai Jehovha Mwari wenyu uye muchengete zvaakatema, mitemo yake,
nemirayiro yake uye nezvaakarayira, nguva dzose. 2 Murangarire nhasi
kuti vana venyu havasivo vakaona uye vakaziva kuranga kwaJehovha
Mwari wenyu: noukuru hwake, noruoko rwake rune simba, noruoko
rwake rwakatambanudzwa; 3 nezviratidzo zvaakaita uye zvinhu zvaakaita
pakati peIjipiti, nokuna Faro mambo weIjipiti uye nokunyika yake
yose; 4 zvaakaita kuhondo yavaIjipita, nokumabhiza nengoro dzayo,
mafukidzirwo avakaitwa nemvura yomuGungwa Dzvuku pavakanga
vachikuteverai, uye kuuyisa kwakaita Jehovha kuparadzwa pamusoro
pavo zvachose. 5 Havasi vana venyu vakaona zvaakakuitirai murenje
kusvikira masvika panzvimbo ino, 6 uye nezvaakaita kuna Dhatani
naAbhiramu vanakomana vaEriabhi muRubheni, apo nyika yakashamisa
muromo wayo ikavamedza ivo nevedzimba dzavo, namatende avo
nezvipenyu zvose zvakanga zviri zvavo, pakati pavaIsraeri vose. 7 Asi aiva
meso enyu akaona zvinhu zvose izvi zvakaitwa naJehovha.
8 Naizvozvo chengetai mirayiro yose yandinokupai nhasi, kuti muve
nesimba rokupinda nokutora nyika yamuri kuyambuka Jorodhani kuti
mundoita yenyu, 9 uye kuti mazuva enyu ave mazhinji munyika iyo
Jehovha akapikira kumadzitateguru enyu kuti achavapa ivo nezvizvarwa
zvavo, nyika inoyerera mukaka nouchi. 10 Nyika yamuri kupinda
kundotora haina kufanana nenyika yeIjipiti, uko kwamakabva, uko
kwamaidyara mbeu dzenyu muchidiridza netsoka sezvinoitwa mubindu
romuriwo. 11 Asi nyika yamuri kuyambuka Jorodhani kundotora kuti
ive yenyu inyika yamakomo nemipata zvinonwa mvura kubva kudenga.
12 Inyika inochengetwa naJehovha Mwari wenyu; meso aJehovha Mwari
wenyu anoramba akaitarira kubva pakutanga kwegore kusvikira paku-
pera kwegore.
13 Saka kana mukateerera mirayiro yandinokupai nhasi makatendeka,
mukada Jehovha Mwari wenyu uye mukamushumira nomwoyo wenyu
wose uye nomweya wenyu wose, 14 ipapo ndichanayisa mvura panyika

yenyu nemwaka wayo, mvura yamasutso neyomunakamwe, kuitira kuti
mugone kukohwa zviyo zvenyu newaini itsva namafuta. [15] Ndichameresa
uswa hwemombe dzenyu kumafuro uye muchadya muchiguta.

[16] Chenjerai kuti murege kunyengerwa mumwoyo yenyu kuti mutsauke
muchinamata vamwe vamwari uye nokuvapfugamira. [17] Ipapo kutsamwa
kwaJehovha kuchapfuta pamusoro penyu, uye achapfiga denga kuti
mvura iregere kunaya uye nyika icharega kubereka zvibereko zvayo, uye
imi muchakurumidza kuparara kubva panyika yakanaka yamunopiwa na-
Jehovha. [18] Isai mashoko angu aya mumwoyo yenyu nepfungwa dzenyu;
asungirei pamaoko enyu sezviratidzo uye muasungire pahuma dzenyu.
[19] Adzidzisei kuvana venyu, muchitaura pamusoro pawo pamunogara
pasi uye nepamunenge muchifamba panzira, pamunorara pasi uye
nepamunomuka. [20] Anyorei pamagwatidziro emikova yedzimba dzenyu
uye napamasuo enyu, [21] kuitira kuti mazuva enyu namazuva avana
venyu awande panyika yakapikirwa madzitateguru enyu naJehovha kuti
achavapa, awande samazuva ayo denga richava pamusoro penyika.

[22] Kana mukachenjerera kuchengeta mirayiro yangu iyi yandinokupai
kuti mutevere, kuti mude Jehovha Mwari wenyu, kuti mufambe munzira
dzake dzose nokubatirira paari, [23] ipapo Jehovha achadzinga ndudzi dzose
pamberi penyu, uye muchatorera nyika ndudzi dzakakura uye dzine
simba kukupfuurai. [24] Nzvimbo ipi neipi yamuchatsika netsoka dzenyu
ichava yenyu: Nyika yenyu ichabva kurenje ichisvika kuRebhanoni,
uye ichabva kuRwizi Yufuratesi ichisvika kugungwa rokumavirazuva.
[25] Hakuna munhu achagona kumira kuti akurwisei. Jehovha Mwari wenyu
sezvaakakuvimbisai, achaita kuti vanhu vakutyei uye vagokuvhundukai
munyika yose, kwose kwose kwamunoenda.

[26] Tarirai, nhasi ndiri kuisa pamberi penyu kuropafadzwa nokutukwa,
[27] kuropafadzwa kana muchiteerera mirayiro yaJehovha Mwari wenyu
yandinokupai nhasi; [28] kutukwa kana mukasateerera mirayiro yaJe-
hovha Mwari wenyu uye mukatsauka kubva panzira yandinokurayirai
nhasi muchitevera vamwe vamwari, avo vamusati maziva. [29] Kana
Jehovha Mwari wenyu akuendesai munyika yamuri kupinda kuti muitore,
munofanira kudaidzira kuropafadzwa kuzhinji paGomo reGerizimu, uye
kutukwa kuzhinji paGomo reEbhari. [30] Sezvamunoziva, makomo aya
ari mhiri kweJorodhani, nechokumavirira kwomugwagwa, makananga
kumavirazuva, pedyo nemiti mikuru yeMore, munyika yavaKenani vagere
muArabha pedyo neGirigari. [31] Mava kuda kuyambuka Jorodhani kuti
mupinde uye mutore nyika yamuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu.
Kana muchinge maitora uye mava kugaramo, [32] chenjerai kuti muteerere
mitemo nemirayiro yose yandiri kuisa pamberi penyu nhasi.

# 12

*Nzvimbo imwe chete yokushumira muri*

[1] Iyi ndiyo mitemo nemirayiro yamunofanira kuchenjera kuti mutevere
munyika iyo Jehovha, iye Mwari wamadzibaba enyu, akakupai kuti ive
yenyu, mazuva ose amuchagara munyika iyi. [2] Paradzai chose nzvimbo
dzose dziri pamakomo akakwirira nepazvikomo zvose uye napasi pemiti
yose yakapfumvutira apo ndudzi dzose dzamunotorera nyika dzinoshu-
mira vamwari vadzo. [3] Putsai aritari dzavo, pwanyai matombo avo

ose anoera uye mupise matanda avo aAshera; temai zvifananidzo zvavo
nevamwari vavo uye mugodzima mazita avo panzvimbo idzodzo.

[4] Hamufaniri kushumira Jehovha Mwari wenyu nenzira yavo. [5] Asi
munofanira kutsvaka nzvimbo ichasarudzwa naJehovha Mwari wenyu
pakati pamarudzi enyu ose kuti aise Zita rakepo agogarapo. Kunzvimbo
iyoyo ndiko kwamunofanira kuenda; [6] ipapo ndipo panofanira kuuyiswa
zvipiriso zvinopiswa nezvibayiro zvenyu, zvegumi zvenyu nezvipo zva-
makatsaura, zvamakapikira kuti muchapa uye nezvipo zvokuda kwenyu,
nezvibereko zvokutanga zvenzombe dzenyu uye nezvibereko zvokutanga
zvamakwai enyu. [7] Ipapo pamberi paJehovha Mwari wenyu, imi nemhuri
dzenyu muchadya mugopembera pamusoro pezvinhu zvose zvamakabata
namaoko enyu, nokuti Jehovha Mwari wenyu akuropafadzai.

[8] Hamufaniri kuita sezvatinoita pano nhasi, mumwe nomumwe achiita
zvaanoona zvakakodzera kuita, [9] sezvo musati masvika panzvimbo
yezororo nenhaka yamunopiwa naJehovha Mwari wenyu. [10] Asi
muchayambuka Jorodhani mugogara munyika yamuri kupiwa naJehovha
Mwari wenyu senhaka, uye achakupai zororo kubva kuvavengi venyu
vose vakakukomberedzai kuitira kuti mugare murugare. [11] Zvino kun-
zvimbo ichatsaurwa naJehovha Mwari wenyu kuti Zita rake rigarepo,
ipapo munofanira kuuyisa zvose zvandakakurayirai zvinoti: zvipiriso
zvenyu zvinopiswa nezvibayiro, zvegumi zvenyu nezvipo zvakatsaurwa,
uye zvinhu zvose zvakaisvonaka zvamakapikira kuna Jehovha. [12] Zvino
ipapo mugopembera pamberi paJehovha Mwari wenyu, imi navanako-
mana venyu navanasikana venyu, varanda venyu navarandakadzi venyu,
uye navaRevhi vari mumaguta enyu, avo vasina mugove kana nhaka
yavo. [13] Muchenjerere kuti musabayira zvipiriso zvenyu zvinopiswa pose
pose pamunoda. [14] Muzvipe chete panzvimbo ichatsaurwa naJehovha
mune rumwe rwamarudzi enyu, uye ipapo muchapa zvipiriso zvenyu
zvinopiswa uye muchaita zvose zvandinokurayirai.

[15] Zvisinei hazvo, mungabaya henyu zvipfuwo zvenyu mumaguta enyu
uye mugodya nyama pamunodira, sokunge nyama yemhara kana yenondo
maererano nokuropafadzwa kwamunopiwa naJehovha Mwari wenyu.
Vose vasina kuchena navakachena vangadya havo. [16] Asi hamufaniri
kudya ropa; munofanira kuriteurira pasi semvura. [17] Hamufaniri
kudyira mumaguta enyu chegumi chezviyo zvenyu nechewaini yenyu
itsva nechamafuta, kana chezvibereko zvokutanga zvenzombe dzenyu
namakwai enyu, kana chipi zvacho chamakapikira kupa, kana zvipo
zvokuda kwenyu kana zvipo zvakatsaurwa. [18] Asi, munofanira kuti
muzvidye muri pamberi paJehovha Mwari wenyu panzvimbo iyo Jehovha
Mwari wenyu achasarudza, imi, vanakomana venyu navanasikana venyu,
varandarume navarandakadzi venyu, navaRevhi vari mumaguta enyu
uye munofanira kupembera pamberi paJehovha Mwari wenyu pamusoro
pezvinhu zvose zvamuchabata namaoko enyu. [19] Chenjerai kuti muregе
kukanganwa vaRevhi nguva yose yamuchagara munyika yenyu.

[20] Kana Jehovha Mwari wako achinge akurisa nyika yako sezvaakaku-
vimbisa, uye iwe ukapanga nyama ukati, “Ndinoda nyama,” ipapo
uchadya nyama yakawanda sezvaunoda. [21] Kana nzvimbo iyo in-
osarudzwa naJehovha Mwari wako kuti aise Zita rakepo iri kure newe
zvikuru, ungabaya hako zvipfuwo kubva pamombe dzako namakwai
ako zvawakapiwa naJehovha, sezvandakurayira, mumaguta ako ungadya
nyama yakawanda sezvaunoda. [22] Uzvidye sounodya nyama yemhara

kana yenondo. Vose vasina kuchena navakachena vangadya havo. 23 Asi
uchenjere kuti urege kudya ropa, nokuti ropa ndihwo upenyu, naizvozvo
haufaniri kudya upenyu pamwe chete nenyama. 24 Haufaniri kudya
ropa, uriteurire pasi semvura. 25 Usaridya, kuti zvive zvakakunakira iwe
navana vako vachakutevera, nokuti unenge uchiita zvakanaka pamberi
paJehovha.
26 Asi utore zvinhu zvako zvitsvene nazvose zvawakapika kuti uc-
hazvipa, ugoenda nazvo kunzvimbo ichasarudzwa naJehovha. 27 Uise
zvipiriso zvako zvinopiswa paaritari yaJehovha Mwari wako, zvose zviri
zviviri, nyama neropa. Ropa rezvibayiro zvako rinofanira kudururwa
parutivi pearitari yaJehovha Mwari wako, asi ungadya zvako nyama
yacho. 28 Uchenjerere kuteerera mitemo yose yandinokupa, kuti zvive
zvakakunakira nguva dzose iwe navana vako vachatevera mushure mako,
nokuti unenge uchiita zvakanaka nezvakarurama pamberi paJehovha
Mwari wako.
29 Jehovha Mwari wenyu achaparadza kubva pamberi penyu ndudzi
dzamava kuda kurwisa nokutorera nyika. Asi kana muchinge
madzidzinga uye magara munyika yavo, 30 uye mushure mokunge
vaparadzwa pamberi penyu, muchenjerere kuti muregе kunyengerwa
muchibvunza nezvavamwari vavo, muchiti, “Ko, ndudzi idzi dzinoshu-
mira vamwari vadzo sei? Tichaitawo sezvavanoita.” 31 Hamufaniri
kushumira Jehovha Mwari wenyu nenzira yavo, nokuti mukushumira
vamwari vavo, vanoita zvinhu zvose zvose zvinonyangadza zvinovengwa
naJehovha. Vanopisa kunyange vanakomana navanasikana vavo mumoto
sezvibayiro kuna vamwari vavo.
32 Munofanira kuita zvose zvandakakurayirai; musawedzera pazviri
kana kubvisa kubva pazviri.

# 13

*Kunamata vamwe vamwari*
1 Kana muprofita, kana muvuki wezviroto, akasvika pakati penyu
uye akakuzivisai chishamiso kana chiratidzo, 2 uye kana chiratidzo ichi
kana chishamiso chaataura nezvacho chikaitika, uye akati, “Ngatitev-
erei vamwe vamwari” (vamwari vamusingazivi) “uye ngativanamatei,”
3 hamufaniri kuteerera mashoko omuprofita kana muroti uyo. Jehovha
Mwari wenyu ari kukuedzai kuti aone kana muchimuda nomwoyo
wenyu wose uye nomweya wenyu wose. 4 NdiJehovha Mwari wenyu
wamunofanira kutevera, uye ndiye wamunofanira kukudza. Chengetai
mirayiro yake mugomuteerera; mumushumire uye munamatire kwaari.
5 Muprofita kana muroti uyo anofanira kuurayiwa, nokuti akaparidza
kumukira Jehovha Mwari wenyu, akakubudisai kubva muIjipiti uye
akakudzikinurai kubva munyika youranda; akaedza kukutsausai kubva
panzira yaJehovha Mwari wenyu yamakarayirwa kuti muitevere. Muno-
fanira kubvisa chakaipa pakati penyu.
6 Kana hama yako chaiyo, kana mwanakomana wako kana
mwanasikana wako, kana mudzimai wako waunoda, kana shamwari yako
yepedyo ikauya kuzokutsausa muchivande, ichiti, “Handei tindonamata
vamwe vamwari,” (vamwari vausina kumboziva iwe kana madzibaba ako,
7 vamwari vendudzi dzakakupoteredzai, kunyange vari pedyo kana vari
kure, kubva kuno rumwe rutivi rwenyika kusvika kuno rumwe rutivi
rwenyika), 8 usatenda zvaanotaura kana kumuteerera. Usamunzwira
tsitsi. Usamurega ari mupenyu kana kumudzivirira. 9 Unotofanira

kumuuraya zvirokwazvo. Ruoko rwako ndirwo runofanira kutanga
kumuuraya, zvino maoko avamwe vanhu ozotevera pakumuuraya.
10 Mutake namabwe afe, nokuti akaedza kukutsausa kubva kuna Jehovha
Mwari wako, uyo akakubudisa kubva kuIjipiti, kubva kunyika youranda.
11 Ipapo Israeri yose ichazvinzwa ikatya, uye hapana kana mumwe pakati
penyu achazoita chinhu chakaipa kudaro zvakare.

12 Kana ukanzwa zvichitaurwa pamusoro perimwe ramaguta amuri
kupiwa naJehovha Mwari wenyu kuti mugaremo 13 kuti vanhu vakaipa
vamuka pakati penyu uye vatsausa vanhu vomuguta ravo, vachiti,
"Handei tindonamata vamwe vamwari," (vamwari vausina kumboziva),
14 ipapo unofanira kubvunzisisa, nokutsvakisisa uye nokuferefeta kwazvo.
Zvino kana zviri zvechokwadi uye zvanyatsoonekwa kuti ndizvo, kuti
chinhu ichi chinonyangadza chakaitwa pakati penyu, 15 munofanira
zvirokwazvo kuuraya nomunondo vanhu vose varo nezvipfuwo zvaro.
16 Unganidzai zvose zvakapambwa zveguta pakati poruvazhe mugopisa
chose guta uye nazvose zvakapambwa zvaro sechipiriso chinopiswa kuna
Jehovha Mwari wako. Rinofanira kugara riri dongo nokusingaperi,
risingazovakwizve. 17 Ngapasava nechimwe chezvinhu izvo zvakatongwa
chinoonekwa mumaoko enyu, kuti Jehovha adzore kutsamwa kwake
kukuru; achakunzwirai tsitsi, agokunzwirai ngoni uye achakuwedzerai
uwandu hwenyu, sezvaakakuvimbisai nemhiko kumadzitateguru enyu,
18 nokuti munoteerera Jehovha Mwari wenyu, muchichengeta mirayiro
yandiri kukupai nhasi uye muchiita zvakanaka pamberi pake.

# 14

*Zvokudya Zvakachena neZvisina Kuchena*

1 Imi muri vana vaJehovha Mwari wenyu. Musazvicheka kana
kuzviveura pamberi pomusoro muchiitira vakafa, 2 nokuti muri rudzi
rutsvene kuna Jehovha Mwari wenyu. Jehovha akakutsaurai kubva pakati
pendudzi dzose dziri panyika kuti muve rudzi rwake runokosha.

3 Musadya chinhu chipi zvacho chinonyangadza. 4 Idzi ndidzo mhuka
dzamungadya: mombe, hwai, mbudzi, 5 nondo, mhara, mhembwe,
ngururu, mharapara, nyati nehwai yomugomo. 6 Mungadya henyu
mhuka ipi neipi ina mahwanda akaparadzana kuita maviri uye inodzeya.
7 Zvisinei, pane idzo dzinodzeya kana dzina mahwanda akaparadzana,
mahwanda akanyatsoparadzana, hamufaniri kudya ngamera, tsuro kana
mbira. Kunyange zvazvo dzichidzeya hadzina mahwanda akaparadzana;
hadzina kuchena kwamuri. 8 Nguruvewo haina kuchena; kunyange zvayo
ina mahwanda akaparadzana, haidzeyi. Hamufaniri kudya nyama yadzo
kana kubata zvitunha zvadzo.

9 Pazvipuka zvose zvinogara mumvura, mungadya henyu zvose zvine
zvimbi namakwande. 10 Asi chipi nechipi zvacho chisina zvimbi namak-
wande hamufaniri kudya; nokuti hachina kuchena.

11 Mungadya henyu shiri ipi neipi yakachena. 12 Asi dzamusingafaniri
kudya ndeidzi: gondo, gora, gora dema, 13 njerere tsvuku, njerere
nhema, rukodzi namarudzi arwo, 14 gunguo namarudzi aro ose, 15 zizi
renyanga, kazizimbori, shiri yegungwa, namarudzi ose eruvangu, 16 zizi
duku, zizi guru, zizi jena, 17 zizi romurenje, hukurwizi nekanyuru-
rahove, 18 neshuramurove namarudzi ose ekondo, nemhupupu uye
nechiremwaremwa.

19 Zvipuka zvose zvina mapapiro zvinokambaira hazvina kuchena
kwamuri; hamufaniri kuzvidya. 20 Asi zvipuka zvose zvina mapapiro
zvakachena mungadya henyu.
21 Musadya chii zvacho chamunoona chakafa. Mungapa zvenyu
kumutorwa agere mune rimwe ramaguta enyu, uye angadya zvake kana
kuti mungatengesera zvenyu kumutorwa. Asi imi muri rudzi rutsvene
kuna Jehovha Mwari wenyu.
Musabika mbudzana mumukaka wamai vayo.

*Zvegumi*

22 Chenjera kuti utsaure chegumi chezvinhu zvose zvaunokohwa mu-
minda yako gore negore. 23 Udye chegumi chezviyo, newaini itsva
namafuta uye nezvibereko zvokutanga zvemombe dzako nezvamakwai
ako pamberi paJehovha Mwari wako panzvimbo yaachasarudza kuti Zita
rake rigarepo, kuitira kuti udzidze kutya Jehovha Mwari wako nguva
dzose. 24 Asi kana nzvimbo yacho iri kure uye waropafadzwa naJehovha
Mwari wako, uye usingagoni kutakura chegumi chako (nokuti nzvimbo
ichasarudzwa naJehovha kuti Zita rake rigarepo iri kure), 25 ipapo
unofanira kutsinhanisa chegumi chako nesirivha, ugotora sirivha ugoenda
nayo kunzvimbo ichasarudzwa naJehovha Mwari wako. 26 Shandisa
sirivha yacho kutenga zvaungada, zvakadai sezvizvi: mombe, makwai,
waini kana zvimwe zvokunwa zvinobata, kana chinhu chipi zvacho
chaunoda. Ipapo iwe neimba yako muchadya pamberi paJehovha Mwari
wenyu mugofara. 27 Uye musazokanganwa vaRevhi vagere mumaguta
enyu, nokuti havana mugove kana nhaka yavowo.
28 Panopera makore matatu oga oga, munofanira kuuya nezvegumi
zvegore iroro uye mugozvichengetera mumaguta enyu, 29 kuitira kuti
vaRevhi (avo vasina mugove kana nhaka yavowo) uye nomweni, nherera
nechirikadzi vanogara mumaguta enyu, vauye vagodya vachiguta, uye
kuitira kuti Jehovha Mwari wenyu akuropafadzei pamabasa ose amaoko
enyu.

# 15

*Gore roKudzimwa kweZvikwereti*

1 Pakupera kwamakore manomwe oga oga munofanira kudzima zvikw-
ereti. 2 Iyi ndiyo nzira yazvinofanira kuitwa nayo: Mumwe nomumwe
akapa chikwereti anofanira kudzima icho chaakakweretesa hama yake
muIsraeri. Haangarevi chikwereti kune wokwake muIsraeri, kana
hama yake, nokuti nguva yaJehovha yokudzima zvikwereti yaparidzwa.
3 Ungareva hako chikwereti kubva kumutorwa, asi unofanira kudzima
chikwereti chipi zvacho chakakweretwa nehama yako. 4 Kunyange
zvakadaro, hapafaniri kuva nomurombo pakati penyu, nokuti munyika
iyo Jehovha Mwari wenyu yaari kukupai kuti ive yenyu senhaka,
achakuropafadzai kwazvo, 5 kana chete mukanyatsoteerera Jehovha
Mwari wenyu nokuchenjerera kutevera mirayiro yake yose yandiri
kukupai nhasi. 6 Nokuti Jehovha Mwari wenyu achakuropafadzai
sezvaakavimbisa, uye imi muchapa zvikwereti kundudzi zhinji asi imi
hamungakwereti kubva kurudzi rupi zvarwo. Muchatonga ndudzi zhinji
asi hapana rudzi ruchakutongai.
7 Kana pane murombo pakati pehama dzenyu mune ripi zvaro guta
renyika iyo Jehovha ari kukupai musaomesa mwoyo kana kupfumbatira

ruoko kuhama yenyu inoshayiwa. [8] Asi munofanira kutambanudzira
ruoko uye mugopa hama yenyu pachena chipi nechipi chaanoshayiwa.
[9] Muchenjerere kuti murege kuva nomufungo wakaipa uyu wokuti:
“Gore rechinomwe, gore rokudzima zvikwereti, rava pedyo,” kuitira kuti
murege kuratidza mwoyo wakaipa kuhama yenyu inoshayiwa nokurega
kumupa chinhu. Iye achachema kuna Jehovha pamusoro penyu, uye
imi muchabatwa nemhosva yokuita chivi. [10] Upe zvakawanda uye urege
kumupa nomwoyo unogunun’una; ipapo nokuda kwechinhu ichi Jehovha
Mwari wako achakuropafadza mumabasa ako ose uye pane chimwe
nechimwe chaunobata noruoko rwako. [11] Varombo vachagara varimo
munyika. Naizvozvo ndinokurayira kuti utambanudze maoko kuhama
dzako varombo navanoshayiwa munyika yako.

### *Kusunungurwa kwaVaranda*

[12] Kana mumwe wako wechiHebheru, murume kana mukadzi, achinge
azvitengesa kwauri uye achinge akushandira kwamakore matanhatu,
mugore rechinomwe unofanira kumusunungura umurege aende. [13] Zvino
kana uchinge wamusunungura usamusiya achienda asina chinhu.
[14] Mugovere zvakawanda kubva pamakwai ako, napaburiro rako uye
napachisviniro chako chewaini. Mupe sokuropafadzwa kwawakaitwa
naJehovha Mwari wako. [15] Rangarirai kuti imi maimbova varanda muI-
jipiti uye Jehovha Mwari wenyu akakudzikinurai. Nokudaro ndinokupai
murayiro uyu nhasi.

[16] Asi kana muranda wako akati kwauri, “Handidi kukusiyai,” nokuti
anokuda iwe nemhuri yako uye zvakamunakira kuva newe, [17] ipapo utore
runji ugourura nzeve yake narwo pagonhi, uye achava muranda wako
nokusingaperi. Uite zvimwe chetezvo kumurandakadzi wako.

[18] Usachiona sechinhu chakaoma kusunungura muranda wako, nokuti
kukushandira kwake pamakore matanhatu kwakapfuura kakapetwa
kaviri kushanda kwouyo anoshandira mubayiro. Uye Jehovha Mwari
wako achakuropafadza mune zvose zvaunoita.

### *Zvibereko zvokutanga zvezvipfuwo*

[19] Tsaurira Jehovha Mwari wako chikono chose chokutanga chemombe
dzako, makwai ako. Zvikono zvokutanga pakuberekwa zvemombe
dzako hazvifaniri kuitiswa basa uye usaveura makushe amakwai
ako akatanga kuberekwa. [20] Gore rimwe nerimwe iwe nemhuri
yako munofanira kuzvidya muri pamberi paJehovha Mwari wenyu
panzvimbo yaachasarudza. [21] Kana chipfuwo chine chachinopomerwa,
chakaremara kana kuti chiri bofu, kana kuti chine chimwe chinhu
chakanyanyoipa pachiri, haufaniri kuchibayira kuna Jehovha Mwari
wako. [22] Unofanira kuchidyira mumaguta ako. Vose vasina kuchena
navakachena vangazvidya havo sokunge vanodya mhara kana nondo.
[23] Asi haufaniri kudya ropa; riteurire pasi semvura.

## 16

### *Pasika*

[1] Rangarira mwedzi waAbhibhi upemberere Pasika yaJehovha Mwari
wako, nokuti mumwedzi waAbhibhi akakubudisa kubva muIjipiti usiku.
[2] Bayira Jehovha Mwari wako chipfuwo kubva pamakwai ako kana kubva
pamombe dzako sePasika panzvimbo iyo Jehovha achasarudza kuti Zita
rake rigarepo. [3] Usaidya nechingwa chine mbiriso, asi kwamazuva

manomwe unofanira kudya chingwa chisina mbiriso, chingwa choku-
tambudzika, nokuti makabuda muIjipiti muchikurumidza, kuitira kuti
murangarire nguva yamakabuda kubva muIjipiti. 4 Pamazuva manomwe
aya ngapasawanikwa mbiriso panyika yenyu yose. Musarega nyama
yamunobayira usiku hwezuva rokutanga ichisara kusvikira mangwanani.
5 Hamufaniri kubayira Pasika mune ripi zvaro ramaguta amunopiwa
naJehovha Mwari wenyu, 6 kunze kwenzvimbo yaachasarudza kuti Zita
rake rigarepo. Ipapo ndipo pamunofanira kubayira Pasika madekwana,
kana zuva ravira, nezuva rokurangarira kwamakaita kubva muIjipiti.
7 Igochei mugoidyira panzvimbo yamuchasarudzirwa naJehovha Mwari
wenyu kuti Zita rake rigarepo. Zvino kana ava mangwanani mudzokere
kumatende enyu. 8 Kwamazuva matanhatu mudye chingwa chisina
mbiriso uye pazuva rechinomwe munofanira kuita ungano kuna Jehovha
Mwari wenyu uye muregе kushanda.

### *Mutambo waMavhiki*

9 Verengai mavhiki manomwe kubva panguva yamunotanga kucheka
gorosi. 10 Ipapo upemberere Jehovha Mwari wako Mutambo waMavhiki
nokupa chipo chokuda kwako maererano nokuropafadzwa kwawakaitwa
naJehovha Mwari wako. 11 Uye ufare pamberi paJehovha Mwari wako
panzvimbo yaachasarudza kuti Zita rake rigarepo, iwe, navanakomana
vako navanasikana vako, varandarume vako navarandakadzi vako,
navaRevhi vari mumaguta ako, uye navatorwa, nenherera nechirikadzi
dzigere pakati penyu. 12 Rangarirai kuti maiva varanda muIjipiti, uye
muchenjerere kuchengeta mirayiro iyi.

### *Mutambo waMatumba*

13 Upemberere Mutambo waMatumba mazuva manomwe
mushure mokunge wapedza kuunganidza zvawawana paburiro
rako napachisviniro chako. 14 Ufare kwazvo paMutambo wako,
iwe, navanakomana vako navanasikana vako, varandarume vako
navarandakadzi vako, navaRevhi vari mumaguta ako, uye navatorwa,
nenherera nechirikadzi dzigere mumaguta enyu. 15 Kwamazuva
manomwe upemberere Mutambo kuna Jehovha Mwari wako panzvimbo
ichasarudzwa naJehovha, nokuti Jehovha Mwari wako achakuropafadza
mukukohwa kwako kwose nomubasa rako rose ramaoko ako, uye mufaro
wako uchazadziswa.
16 Katatu pagore varume vose pakati penyu vanofanira kuuya pam-
beri paJehovha Mwari wenyu panzvimbo iyo achasarudza: panguva
yoMutambo weChingwa Chisina Mbiriso, noMutambo waMavhiki uye
noMutambo waMatumba. Hapana munhu anofanira kuuya asina chaak-
abata pamberi paJehovha: 17 Mumwe nomumwe wenyu anofanira kuuya
nechipo chakaenzanirana nokuropafadzwa kwaakaitwa naJehovha Mwari
wenyu.

### *Vatongi*

18 Gadzai vatongi navakuru kurudzi rumwe norumwe rwenyu muguta
rimwe nerimwe ramuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu, uye vagotonga
vanhu nokutonga kwakanaka. 19 Musatsauka pakururamisira uye musaita
rusarura. Musagamuchira fufuro, nokuti fufuro rinopofumadza meso
owakachenjera uye rinominamisa mashoko avakarurama. 20 Teverai
kururamisira uye kururamisira chete, kuitira kuti mugorarama uye
mugotora nyika yamuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu.

*Kunamata vamwe vamwari*

21 Musazvimisira matanda api zvawo aAshera parutivi pearitari ya-
munovakira Jehovha Mwari wenyu. 22 Uye musamisa dombo rinoera,
nokuti izvi Jehovha Mwari wenyu anozvivenga.

# 17

1 Musabayira Jehovha Mwari wenyu mombe kana gwai rine chakaipa
pariri kana rakaremara, nokuti izvozvo zvinomunyangadza.
2 Kana pakati penyu mune rimwe ramaguta amuri kupiwa naJehovha
pakawanikwa murume kana mukadzi achiita zvakaipa pamberi paJe-
hovha Mwari wenyu, achiputsa sungano, 3 uye akapesana nomurayiro
wangu anamata vamwe vamwari, achivapfugamira kana kupfugamira
zuva kana mwedzi kana nyeredzi dzokudenga, 4 uye izvi zvaziviswa kwa-
muri, ipapo munofanira kunyatsozvibvunzisisa kwazvo. Kana chiri chok-
wadi uye zvanyatsoonekwa kuti chinhu ichi chinonyangadza chakaitwa
muIsraeri, 5 torai murume uyu kana mukadzi uyu akaita chinhu ichi
chakaipa muende naye kusuo reguta renyu mugomutaka namabwe afe.
6 Nokupupura kwezvapupu zviviri kana zvitatu munhu achaurayiwa, asi
hapana munhu anofanira kuurayiwa nokupupura kwechapupu chimwe
chete. 7 Maoko ezvapupu ndiwo anofanira kutanga pakumuuraya, zvino
pashure maoko avanhu vose. Munofanira kubvisa chakaipa pakati penyu.

*Matare edzimhosva*

8 Kana mhaka dzikauya kumatare enyu dzakanyanya kukuomerai kuti
mutonge, dzingava dzokudeurwa kweropa, dzokuendesana kumatare
kana dzokurwa, endai nadzo kunzvimbo iyo Jehovha Mwari wenyu
achasarudza. 9 Endai kuvaprista, vanova vaRevhi uye kuvatongi va-
nenge vachitonga panguva iyoyo. Muvabvunze uye ivo vachakuudzai
mutongo wakafanira. 10 Muite sezvavanenge vakutongerai panzvimbo
ichasarudzwa naJehovha. Muchenjerere kuita zvose zvavanenge vaku-
rayirai kuti muite. 11 Muite maererano nomurayiro wavanokudzidzisai
uye nokutonga kwavanokuudzai. Hamufaniri kutsauka kubva pane zva-
vanokuudzai, kurudyi kana kuruboshwe. 12 Munhu anozvidza mutongi
kana muprista anomira achishumira pamberi paJehovha Mwari wenyu
anofanira kufa. Munofanira kubvisa chakaipa muIsraeri. 13 Vanhu vose
vachazvinzwa uye vagotya, uye havazozvidzi zvakare.

*Mambo*

14 Kana muchinge mapinda munyika yamuri kupiwa naJehovha
Mwari wenyu uye kana muchinge maitora kuti ive yenyu, uye magara
mairi, uye mukati, "Ngatizvigadzirei mambo sezvakaita ndudzi dzose
dzakapoteredza," 15 chenjererai kuti mugadze mambo achasarudzwa
naJehovha Mwari wenyu. Anofanira kubva pakati pehama dzenyu.
Musazvigadzira mutorwa, uyo asiri hama yenyu muIsraeri. 16 Mambo
haafaniri kuva namabhiza akawanda kana kuita kuti vanhu vadzokere
kuIjipiti kundotora mamwe, nokuti Jehovha akutaurirai kuti, "Hamufaniri
kudzoka nenzira iyoyo zvakare." 17 Haafaniri kutora madzimai akawanda,
nokuti mwoyo wake ungazotsauswa. Haafaniri kuunganidza sirivha
negoridhe zvakawanda.
18 Kana achinge agara pachigaro chake choushe, anofanira kuzvinyorera
bhuku romurayiro uyu, achitora kubva mumirayiro yavaprista vanova
vaRevhi. 19 Anofanira kugara naro uye anofanira kuriverenga mazuva

ose oupenyu hwake kuitira kuti adzidze kutya Jehovha Mwari wake uye
agochenjerera kutevera mashoko ose omurayiro uyu nemitemo iyi. 20 Uye
haafaniri kuzviona seari nani kupfuura hama dzake agotsauka kubva
pamurayiro kurudyi kana kuruboshwe. Ipapo iye nezvizvarwa zvake
achagara nguva huru paushe hwake muIsraeri.

# 18

*Zvipiriso zvaVaprista navaRevhi*

1 Vaprista vanova vaRevhi, zvirokwazvo rudzi rwose rwaRevhi,
havafaniri kuva nomugove kana nhaka pamwe chete neIsraeri.
Vachararama nezvipiriso zvinopiswa zvaJehovha, nokuti ndiyo nhaka
yavo. 2 Havazovi nenhaka pakati pehama dzavo: Jehovha ndiye nhaka
yavo sezvaakavavimbisa.

3 Uyu ndiwo mugove wakafanira vaprista kubva kuvanhu vanobayira
nzombe kana gwai: bandauko neshaya dzacho uye nezvemukati.
4 Munofanira kuvapa zvibereko zvokutanga zvezviyo, waini itsva na-
mafuta, uye namakushe okutanga amakwai ako, 5 nokuti Jehovha Mwari
wenyu akavasarudza ivo nezvizvarwa zvavo, kubva pakati pamarudzi ose
kuti vamire vachishumira muzita raJehovha nguva dzose.

6 Kana muRevhi akabva mune rimwe ramaguta enyu, kupi zvako muIs-
raeri kwaanenge achigara, uye akauya nomwoyo wake wose kunzvimbo
ichasarudzwa naJehovha, 7 anogona hake kushumira muzita raJehovha
Mwari wake savamwe vake vose vaRevhi vanoshumira ipapo pamberi
paJehovha. 8 Anofanira kuwana mugove wakaenzana newavo, kunyange
zvake akawana mari paakatengesa nhaka yemhuri yake.

*Tsika dzinonyangadza*

9 Kana muchinge mapinda munyika yamuri kupiwa naJehovha Mwari
wenyu, musadzidzira kutevedzera nzira dzinonyangadza dzendudzi dzir-
imo. 10 Ngapasava nomumwe pakati penyu anoita mwanakomana wake
kana mwanasikana wake chibayiro chinopiswa, kana anovuka kana
anoita zvamazango kana anotenda zvamashura, kana kuita zvouroyi,
11 kana anoita zvoun'anga, kana anotenda zvamasvikiro kana anobvunza
vakafa. 12 Ani naani anoita zvinhu izvi anonyangadza pamberi paJe-
hovha, uye nokuda kwetsika idzi dzinonyangadza Jehovha Mwari wenyu
achadzinga ndudzi idzi pamberi penyu. 13 Unofanira kuva wakarurama
pamberi paJehovha Mwari wako.

*Muprofita*

14 Ndudzi dzamunotorera nyika dzinoteerera kuna avo vanoita zva-
mazango kana kuvuka. Asi kana muri imi Jehovha Mwari wenyu
haana kukutenderai kuti muite izvozvo. 15 Jehovha Mwari wenyu
achakumutsirai muprofita akaita seni kubva pakati pehama dzenyu.
Munofanira kumuteerera. 16 Nokuti izvi ndizvo zvamakakumbira Jehovha
Mwari wenyu paHorebhi pazuva reungano apo makati, "Hatidi kunzwa
inzwi raJehovha Mwari wedu kana kuona moto mukuru uyu zvakare,
nokuti tingafa."

17 Jehovha akati kwandiri, "Zvavataura zvakanaka. 18 Ndichavamutsira
muprofita anobva pakati pehama dzavo akaita sewe; ndichaisa mashoko
angu mumuromo wake, uye achavaudza zvose zvandichamurayira.
19 Kana pane munhu acharega kuteerera mashoko angu anotaurwa

nomuprofita muzita rangu, ini pachangu ndichamubvunza pamusoro
pazvo. [20] Asi muprofita achataura muzita rangu mashoko api zvawo an-
disina kumurayira kuti ataure, kana muprofita anotaura muzita ravamwe
vamwari, anofanira kuurayiwa."
[21] Ungati zvako mumwoyo mako, "Tingaziva seiko kuti shoko iri ratau-
rwa naJehovha?" [22] Kana zvakataurwa nomuprofita muzita raJehovha
zvikasaitika kana zvikasava chokwadi, shoko iroro harina kutaurwa
naJehovha. Muprofita iyeye ataura zvomusoro wake. Musamutya.

# 19

*Maguta oUtiziro*

[1] Kana Jehovha Mwari wenyu aparadza ndudzi dzaari kukupai nyika
yadzo, uye kana muchinge madzidzinga mukagara mumaguta avo nedz-
imba dzavo, [2] ipapo muzvitsaurire maguta matatu ari pakati penyika
yamuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu kuti ive yenyu. [3] Mugadzire
migwagwa inoenda kwaari uye mugoganhura, muzvikamu zvitatu nyika
yamuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu senhaka, kuitira kuti ani naani
anenge auraya munhu agotizirako.
[4] Uyu ndiwo murayiro pamusoro pomunhu anenge auraya mumwe
munhu anotizirako kuti aponese upenyu hwake, munhu anouraya mu-
vakidzani wake asingazivi, asina kunge amuvenga kare. [5] Somuenzaniso,
munhu anogona kupinda musango nomuvakidzani wake kundotema
huni, paanosimudza demo kuti ateme muti, demo rovhomoka rotema
muvakidzani wake ofa. Munhu iyeye anogona kutizira kune rimwe
ramaguta aya agoponesa mweya wake. [6] Zvimwe, mutsivi weropa anga-
mutevera mukutsamwa, akamubata kana rwendo rwuri rurefu kwazvo,
akamuuraya kunyange zvake akanga asingafaniri kufa, sezvo asina
kuzviita kumuvakidzani wake noruvengo. [7] Ndokusaka ndichikurayirai
kuti muzvitsaurire maguta matatu.
[8] Kana Jehovha Mwari wenyu achinge azokurisa nyika yenyu, sez-
vaakavimbisa madzitateguru enyu nemhiko, uye kana achinge akupai
nyika yose yaakavimbisa, [9] nokuti mukachenjerera kutevera mirayiro
iyi yose yandinokurayirai nhasi, kuti mude Jehovha Mwari wenyu uye
mufambe munzira dzake nguva dzose, ipapo munofanira kutsaura maguta
matatu. [10] Muite izvi kuitira kuti ropa risina mhosva rirege kuteurwa
munyika yenyu, yamuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu kuti ive nhaka
yenyu, uye kuti murege kuva nemhosva yokuteura ropa.
[11] Asi kana munhu achivenga muvakidzani wake akamuvandira, aka-
murova uye akamuuraya, akatizira kune rimwe ramaguta aya, [12] vakuru
veguta rake vanofanira kutuma munhu kuti andomutora kubva kuguta,
uye vagomuisa mumaoko omutsivi weropa kuti afe. [13] Musamunzwira
tsitsi. Munofanira kubvisa muIsraeri mhosva yokuteurwa kweropa risina
mhaka, kuitira kuti zvigokunakirai.
[14] Musabvisa dombo romuganhu nomuvakidzani wenyu, rakaiswa
nevakakutangirai munhaka yamunogamuchira munyika yamunopiwa
naJehovha Mwari wenyu kuti ive yenyu.

*Zvapupu*

[15] Chapupu chimwe chete hachifaniri kupupurira munhu kuti agobatwa
nemhosva yokupupura mhaka, kunyange dai akapara mhaka. Nyaya
inofanira kusimbiswa nouchapupu hwevaviri kana vatatu.

[16] Kana chapupu chenhema chikapupurira munhu kuti ane mhaka,
[17] varume ava vari vaviri vari kuitirana nharo vanofanira kumira pamberi
paJehovha napamberi pavaprista navatongi vanenge vachitonga panguva
iyoyo. [18] Vatongi vanofanira kunyatsoferefeta nyaya iyi, zvino kana
chapupu ichi chikabatwa kuti chinoreva nhema, chichipa uchapupu
hwenhema pamusoro pehama yake, [19] ipapo itai kwaari sezvaanga achida
kuita kuhama yake. Munofanira kubvisa chakaipa pakati penyu. [20] Vanhu
vose vachanzwa izvi vagotya uye chakaipa chakadai hachizoitwizve pakati
penyu. [21] Musaratidza tsitsi, upenyu noupenyu, ziso neziso, zino nezino,
ruoko noruoko, tsoka netsoka.

# 20

*Kuenda kundorwa*

[1] Kana muchienda kundorwa navavengi venyu uye mukaona mabhiza
nengoro nehondo huru kupfuura yenyu, musavatya, nokuti Jehovha
Mwari, uyo akakubudisai kubva muIjipiti, achava nemi. [2] Kana muchinge
mava kuda kurwa, muprista anofanira kuuya kuzotaura kuvarwi. [3] Achati,
"Inzwai, imi Israeri, nhasi muri kuenda kundorwa navavengi venyu.
Mwoyo yenyu ngairege kupera simba kana kutya; regai kutyiswa kana
kuvhundutswa pamberi pavo. [4] Nokuti Jehovha Mwari wenyu ndiye
anoenda nemi kundokurwirai kuvavengi venyu kuti akukundisei."

[5] Vakuru vachatiwo kuvarwi, "Pane akavaka imba yake itsva here asati
aikumikidza? Ngaadzokere kumba kwake, nokuti angafa pakurwa uye
mumwewo akazoikumikidza. [6] Pane akarima munda womuzambiringa
here uye asati atanga kudya michero yawo? Ngaadzokere kumba
kwake, nokuti angafa pakurwa uye mumwewo akazodya michero yawo.
[7] Pane akatsidzirana nomusikana here uye asati amuwana? Ngaadzokere
kumba kwake, nokuti angafa pakurwa uye mumwewo akazomuwana."
[8] Ipapo vakuru vachati zvakare, "Pane anotya here kana ane mwoyo
unovhunduka? Ngaadzokere kumba kwake kuitira kuti hama dzake
dzisazorwadziwawo mwoyo saiye." [9] Kana vakuru vachinge vapedza
kutaura kuvarwi, vanofanira kugadza vatungamiri vehondo.

[10] Pamunofamba muchinorwisa guta, munofanira kuriparidzira ru-
gare. [11] Kana varugamuchira vakazarura masuo avo, vanhu vose
vomo vanofanira kumanikidzwa kushanda uye vanofanira kukushandirai.
[12] Kana vakaramba rugare uye vakarwa nemi, munofanira kukomba guta
iroro. [13] Kana Jehovha Mwari wenyu achinge ariisa mumaoko enyu,
muuraye varume vose vari mariri. [14] Asi kana vari vakadzi, navana
nezvipfuwo uye nezvimwe zvose zviri muguta, munogona kuzvitora
sezvakapambwa. Uye mungashandisa zvenyu zvakapambwa izvi zvamuri
kupiwa naJehovha Mwari wenyu kubva kuvavengi venyu. [15] Izvi ndizvo
zvamunofanira kuita kumaguta ose ari chinhambwe kubva kwamuri uye
asiri maguta endudzi dziri pedyo.

[16] Asi, mumaguta endudzi amuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu
senhaka, musasiya chinhu chipi zvacho chipenyu. [17] Vaparadzei zvachose,
ivo vaHiti, vaAmori, vaKenani, vaPerizi, vaHivhi navaJebhusi, sezva-
makarayirwa naJehovha Mwari wenyu. [18] Nokuti vangazokudzidzisai
tsika dzavo dzinonyangadza dzavanoita vachinamata vamwari wavo,
mugotadzira Jehovha Mwari wenyu.

19 Kana mukakomba guta kwenguva refu, muchirirwisa kuti muri-
pambe, musaparadza miti yaro nokuitema nokuti munogona kudya
michero yayo. Musaitema. Ko, miti yomusango vanhu here, zvokuti
mungaikomba? 20 Zvisinei, mungatema zvenyu miti yamunoziva kuti
haisi miti yemichero mugoshandisa pakukomba kusvikira makunda guta
ramuri kurwa naro.

# 21

### *Kuyananisira Munhu Asingazivikanwi akaurayiwa*

1 Kana munhu akawanikwa akafa, akatandavara musango munyika iyo
Jehovha Mwari wako ari kukupai kuti ive yenyu, uye musingazivi kuti
ndiani amuuraya, 2 vakuru venyu navatongi vachaenda kundoera chin-
hambwe kubva pachitunha kusvika kumaguta akakomberedza. 3 Ipapo
vakuru veguta riri pedyo nechitunha vanofanira kutora tsiru remombe
risina kumboshandiswa uye risina kumbokweva pajoko, 4 vagoenda
naro kumupata usina kumborimwa kana kudyarwa uye pane rwizi
runoerera. Imomo mumupata vanofanira kuvhuna mutsipa wetsiru.
5 Vaprista, vanakomana vaRevhi vanofanira kuuya pamberi, nokuti
Jehovha Mwari wenyu akavasarudza kuti vashumire nokuropafadza
muzita raJehovha uye vanofanira kutonga pamhaka dzose dzegakava ned-
zokurwa. 6 Ipapo vakuru vose veguta riri pedyo nechitunha vanofanira
kushamba maoko avo pamusoro petsiru rakavhunwa mutsipa mumupata.
7 Ipapo vanofanira kuti, "Maoko edu haana kudeura ropa iri, uye kana
meso edu haana kuona zvichiitwa. 8 Gamuchirai henyu yananiso yavanhu
venyu vaIsraeri, vamakadzikinura, imi Jehovha, uye musabata vanhu
venyu nemhosva yokuteura ropa romunhu asina mhaka." Zvino kuteurwa
kweropa kuchayananisirwa. 9 Saka muchabvisa pakati penyu mhosva
yokuteurwa kweropa risina mhaka sezvo maita chinhu chakanaka pam-
beri paJehovha.

### *Kuwana Mukadzi Akatapwa*

10 Kana muchinge maenda kundorwa navavengi venyu uye kana
Jehovha Mwari wenyu avaisa mumaoko enyu uye mavatapa, 11 kana
ukaona pakati pavakatapwa mukadzi akanaka ukamuda, unogona ku-
mutora ave mukadzi wako. 12 Uya naye mumba mako ugomuveura
musoro, ugogurira nzara dzake, 13 uye ugorasha nguo dzaakatapwa nadzo.
Mushure mokunge agara mumba mako nokuchema baba namai vake
kwomwedzi wose, ipapo ugopinda kwaari, uve murume wake naiye
achava mukadzi wako. 14 Kana usina kufadzwa naye, murege aende chero
kwaanoda. Haufaniri kumutengesa kana kumubata somuranda, sezvo
uriwe wamunyadzisa.

### *Kodzero dzeDangwe*

15 Kana munhu aine vakadzi vaviri, uye achida mumwe asi asingadi
mumwe, uye vose vakamuberekera vanakomana asi wedangwe ari
mwanakomana womukadzi waasingadi, 16 kana ogova pfuma yake ku-
vanakomana vake, haafaniri kupa kodzero yedangwe kumwanakomana
womukadzi waanoda pachinzvimbo chomwana wake wedangwe chaiye,
mwanakomana womukadzi waasingadi. 17 Anofanira kugamuchira
mwanakomana womukadzi wake waasingadi sedangwe nokumupa mu-
gove wakapetwa kaviri wezvose zvaanazvo. Mwanakomana iyeye ndiye

chiratidzo chokutanga chesimba rababa vake. Kodzero yomwana wedan-
gwe ndeyake.

*Mwanakomana Asingateereri*

18 Kana munhu aine mwanakomana akasindimara asingateereri baba
vake namai vake uye asingavateereri kana vachimuranga, 19 baba vake
namai vake vanofanira kumubata vagoenda naye kuvakuru pasuo reguta.
20 Vachati kuvakuru, “Mwanakomana wedu uyu akasindimara uye an-
otimukira. Haatiteereri. Anoparadza pfuma uye chidhakwa.” 21 Ipapo
varume vose vomuguta rake vachamutaka namabwe afe. Munofanira
kubvisa chakaipa pakati penyu. Israeri yose ichazvinzwa igotya.

*Mitemo Yakasiyana-siyana*

22 Kana munhu achinge aine mhosva yakafanira rufu, akaurayiwa uye
chitunha chake chikasungirirwa pamuti, 23 hamufaniri kusiya chitunha
chake chiri pamuti usiku hwose. Muone kuti mamuviga zuva rimwe
chetero, nokuti ani naani akasungirirwa akatukwa naMwari. Hamufaniri
kusvibisa nyika yamuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu senhaka.

# 22

1 Kana ukaona nzombe yehama yako kana gwai rake rarasika, us-
arishayira hanya asi uone kuti waridzorera kwaari. 2 Kana hama iyi
ichigara kure newe kana kuti usingaizivi kuti ndiani, ritore uende naro
kumba undorichengeta kusvikira muridzi waro auya achiritsvaga. Ipapo
uridzosere kwaari. 3 Uite zvimwe chetezvo kana uchinge waona mbongoro
yehama yako kana nguo yake kana chinhu chipi zvacho chaanenge
arasikirwa nacho. Usachisiya.

4 Kana ukaona mbongoro yehama yako kana nzombe yake yakawa
panzira, usairega. Ibatsire kuti imire netsoka dzayo.

5 Mukadzi haafaniri kupfeka nguo dzomurume, uye murume haafaniri
kupfeka nguo dzomukadzi, nokuti Jehovha Mwari wenyu anonyangadzwa
nomunhu anoita izvi.

6 Kana ukaona dendere reshiri panzira, ringava riri mumuti kana
riri pasi, uye mai vacho vachivhuvatira vana kana mazai, usatora mai
pamwe chete navana vacho. 7 Unogona kutora vana vacho, asi unofanira
kurega mai vacho vaende, kuitira kuti zvikunakire, uye uchava namazuva
mazhinji oupenyu.

8 Kana uchinge wavaka imba itsva, unofanira kuisa rumhanda padenga
remba yako kuitira kuti urege kuuyisa mhosva yeropa pamusoro pemba
yako kana mumwe munhu azowa kubva padenga rayo.

9 Usadyara mbeu dzamarudzi maviri mumunda wako wemizambiringa;
kana ukaita izvi hazvisi zvirimwa zvawadyara chete zvasvibiswa asi kuti
nezvibereko zvomunda wemizambiringa wako zvakare.

10 Usarima nenzombe nembongoro zvakasungwa pajoko rimwe chete.

11 Usapfeka nguo dzamakushe nomucheka zvakarukwa pamwe chete.

12 Unofanira kuzviitira pfunha pamakona mana enguo yaunopfeka.

*Kukanganiswa kweWaniso*

13 Kana munhu akawana mukadzi uye mushure mokuvata naye,
akasamufarira, 14 akamunyomba uye akamupa zita rakaipa achiti,
“Ndakawana mukadzi uyu, asi mushure mokuva naye, ndakamuwana
asiri mhandara,” 15 ipapo baba namai vomusikana uyu vanofanira kuuya

nechiratidzo chokuti aiva mhandara kuvakuru veguta pasuo. 16 Baba
vomusikana uyu vachati kuvakuru, "Ndakapa mwanasikana wangu kuti
awanikwe nomurume uyu, asi haana kumufarira. 17 Zvino anomunyomba
achiti, 'Handina kuwana mwanasikana wenyu ari mhandara.' Asi hechi
chiratidzo choumhandara hwomwanasikana wangu." Ipapo vabereki
vake vanofanira kuwarira nguo pamberi pavakuru veguta, 18 uye vakuru
vachatora murume uyu vagomuranga. 19 Vachamuripisa mashekeri
esirivha anosvika zana* vagopa kuna baba vomusikana, nokuti murume
uyu apa zita rakaipa kumhandara yeIsraeri. Iye acharamba ari mukadzi
wake; haafaniri kumuramba upenyu hwake hwose.

20 Asi, kana mhaka iyi iri yechokwadi uye pasina chiratidzo choumhan-
dara hwomusikana uyu, 21 anofanira kuuyiswa pamukova wemba yababa
vake uye ipapo varume veguta vagomutaka namabwe afe. Akaita chinhu
chinonyadzisa muIsraeri nokuda kwokupata kwake paaiva achiri mumba
mababa vake. Munofanira kubvisa chakaipa pakati penyu.

22 Kana murume akawanikwa akavata nomukadzi akawanikwa no-
mumwe murume, vose vari vaviri murume nomukadzi waakavata naye
vanofanira kufa. Munofanira kubvisa chakaipa muIsraeri.

23 Kana murume akasangana muguta nemhandara yakapiwa nduma
kuti iwanikwe nomumwe murume uye akavata naye, 24 munofanira ku-
tora vose vari vaviri mugoenda navo pasuo reguta mugovataka namabwe
vafe, musikana nokuda kwokuti akanga ari muguta akasaridza mhere
kuti anunurwe, uye murume uyu nokuda kwokuti akakanganisa mukadzi
womumwe murume. Munofanira kubvisa chakaipa pakati penyu.

25 Asi kana murume akasangana nomusikana kunze kusango akamu-
manikidza kuvata naye, uye achinge akapiwa nduma yokuzowanikwa,
murume aita izvi ndiye anofanira kufa chete. 26 Musaita chinhu
kumusikana wacho; haana kuita chivi chinofanira rufu. Mhaka iyi
yakafanana neyomunhu anorwisa uye agouraya muvakidzani wake.
27 Nokuti murume uyu akawana musikana uyu kunze musango, uye
kunyange musikana uyu akaita mhiko akaridza mhere, pakanga pasina
aigona kumununura.

28 Kana murume akasangana nomusikana asina kupiwa nduma
yokuwanikwa akamumanikidza kuvata naye uye vakawanikidzwa,
29 acharipa baba vomusikana uyu mashekeri makumi mashanu† esirivha.
Anofanira kuwana musikana wacho, nokuti amukanganisa. Haafaniri
kumuramba mazuva ose oupenyu hwake.

30 Murume haafaniri kuwana mukadzi wababa vake; haafaniri kuzvidza
nhoo yababa vake.

## 23

*Kudziviswa Kusvika paUngano*

1 Hapana murume akakuvadzwa manhu ake kana kubviswa nhengo
yake achapinda paungano yaJehovha.

2 Hapana munhu akaberekwa noupombwe, kana vana vake, anofanira
kupinda paungano yaJehovha, kusvikira kuchizvarwa chegumi.

3 Hapana muAmoni kana muMoabhu, kana munhu upi worudzi rwake
anofanira kupinda paungano yaJehovha, kusvikira kuchizvarwa chegumi.

* **22:19** 22:19 kirogramu † **22:29** 22:29 0.6 yekirogiramu

4 Nokuti havana kuuya kuzokuchingamidzai nechingwa nemvura par-
wendo rwenyu pamakabuda kubva muIjipiti, uye vakaripa Bharamu
mwanakomana waBheori wePetori muAramu Naharaimu kuti akutukei.
5 Asi, Jehovha Mwari wenyu haana kuteerera Bharamu asi akashan-
dura kutuka akakuropafadzai, nokuti Jehovha Mwari wenyu anokudai.
6 Usatsvaka rugare kana ushamwari navo mazuva ose oupenyu hwako!
7 Haufaniri kusema muEdhomu, nokuti ihama yako. Usasema muIjipita
nokuti wakagara somutorwa munyika yake. 8 Rudzi rwechitatu rwavana
vake runogona harwo kupinda paungano yaJehovha.

*Kusachena muMusasa*

9 Kana muchinge maungana kuti murwe navavengi venyu, zvichenget-
edzei kubva pazvinhu zvose zvakaipa. 10 Kana mumwe wavarume venyu
asina kuchena nokuda kwokuti akazvirotera usiku, anofanira kubuda
kunze kwomusasa agareko. 11 Asi kana ava madekwana anofanira
kuzvigeza, uye pakuvira kwezuva ngaapinde zvake mumusasa.
12 Munofanira kuva nenzvimbo kunze kwomusasa kwamunofanira
kuenda muchinozvibatsira. 13 Sezvo panhumbi dzenyu dzokurwa nadzo
paine zvokucheresa, zvino kana uchinge wapedza kuzvibatsira, uno-
fanira kufushira gomba rawazvibatsira. 14 Nokuti Jehovha Mwari wako
anofamba-famba pamusasa wenyu achikuchengetedzai nokukurwirai
kubva kuvavengi venyu. Musasa wenyu unofanira kuva mutsvene, kuitira
kuti arege kuona zvisakarurama pakati penyu uye akazokufuratirai.

*Mimwe Mirayiro*

15 Kana muranda atizira kwauri, usamudzosera kuna tenzi wake.
16 Murege agare pakati penyu paanoda hake uye muguta ripi
raachasarudza. Usamumanikidza.
17 Hakuna muIsraeri, murume kana mukadzi achava mhombwe.
18 Hamufaniri kuuya nomubayiro wechifeve kana wemhombwe mumba
maJehovha Mwari wenyu kuti mupike nawo. Nokuti zvose izvi zviri zviviri
zvinonyangadza Jehovha Mwari wenyu.
19 Usaripisa hama yako mhindu, ingava yemari kana zvokudya kana
chinhu chipi zvacho chaungawane mhindu kubva pachiri. 20 Ungaripisa
zvako mutorwa mhindu, asi kwete hama yako muIsraeri, kuitira kuti
Jehovha Mwari wako akuropafadze pane zvose zvaungabate noruoko
rwako munyika yauri kupinda kuti ive yenyu.
21 Kana ukaita mhiko pamberi paJehovha Mwari wako, usanonoka
kuiripa, nokuti Jehovha Mwari wako zvirokwazvo achaibvunza kwauri
uye uchava nemhosva yechivi. 22 Asi kana ukarega kuita mhiko, haungavi
nemhosva. 23 Uchenjerere kuti uite zvose zvaunotaura nomuromo
wako, nokuti wakaita mhiko nokuda kwako kuna Jehovha Mwari wako
nomuromo wako.
24 Kana ukapinda mumunda womuzambiringa womuvakidzani wako,
ungadya mazambiringa ose aunoda asi haufaniri kuisa mamwe mudengu
rako. 25 Kana ukapinda mumunda wezviyo womuvakidzani wako,
ungavhuna hako hura noruoko rwako, asi haufaniri kucheka zviyo zvake
nejeko.

## 24

1 Kana murume akawana mukadzi akasafadzwa naye nokuti awana
chinhu chisina kufanira paari, akamupa rugwaro rwokumuramba, uye

akamudzinga kubva mumba make, 2 uye kana mushure mokunge abva
mumba make akandowanikwa nomumwe murume, 3 uye murume wake
wechipiri akasamufarira, akamupa rugwaro rwokumuramba, uye aka-
mudzinga kubva mumba make, kana kuti murume uyu akafa, 4 ipapo
murume wake wokutanga, akambomuramba, haabvumirwi kumuwana
zvakare mushure mokunge asvibiswa. Izvozvo zvinonyangadza pamberi
paJehovha. Musauyisa chivi pamusoro penyika yamuri kupiwa naJehovha
Mwari wenyu senhaka.

5 Kana murume achangobva kuwana, haafaniri kuendeswa kuhondo
kana kupiwa rimwe basa zvaro rokuita. Kwegore rimwe chete anofanira
kusununguka kuti agare pamba agofadza mukadzi wake waakawana.

6 Usatora guyo kana huyo sorubatso rwechikwereti, nokuti unenge
watora zvinoraramisa munhu sorubatso.

7 Kana munhu akawanikwa achitapa hama yake yomuIsraeri uye
achimubata senhapwa kana kumutengesa, nyakubata munhu anofanira
kufa. Munofanira kubvisa chakaipa pakati penyu.

8 Muchenjere kwazvo pachirwere chamaperembudzi kuti muite
chaizvoizvo zvamakarayirwa navaprista vanova vaRevhi. Munofanira
kuchenjerera kutevera zvandakavarayira. 9 Murangarire zvakaitwa na-
Jehovha Mwari wenyu kuna Miriamu panzira mushure mokunge mabuda
muIjipiti.

10 Kana ukakweretesa chinhu chipi zvacho kumuvakidzani wako,
usapinda mumba momuvakidzani wako kundotora zvaari kukupa soru-
batso. 11 Gara panze urege munhu wauri kupa chikwereti akuvigire
rubatso. 12 Kana munhu uyu ari murombo, usaende kundovata une
rubatso rwake. 13 Dzosera jasi rake kwaari pakuvira kwezuva kuti agovata
mariri. Ipapo achakutenda, uye zvigoonekwa sokuita kwakarurama
pamberi paJehovha Mwari wako.

14 Usamanikidza mushandi wako kana ari murombo kana munhu
anoshayiwa, hazvinei kuti ihama yako muIsraeri kana kuti mutorwa
anogara mune rimwe ramaguta enyu. 15 Mupe mubayiro wake zuva
risati ravira, nokuti iye murombo akatotarirawo pamugove wake. Nokuti
angazochema kuna Jehovha pamusoro pako, uye uchazova nemhosva
yokutadza.

16 Madzibaba haafaniri kuurayiwa nokuda kwevana vavo, kana vana
kuurayiwa nokuda kwamadzibaba avo; mumwe nomumwe achafira chivi
chake.

17 Usarega kururamisira mutorwa kana nherera, uye usatora nguo
yechirikadzi sorubatso. 18 Murangarire kuti maimbova varanda muIjipiti
uye Jehovha Mwari wenyu akakudzikinurai kubva ikoko. Ndokusaka
ndichikurayirai kuti muite izvi.

19 Kana uchikohwa munda wako ukakanganwa chisote, usachidzokera
kundochitora. Chisiyire mutorwa, nherera kana chirikadzi, kuitira kuti
Jehovha Mwari wako agokuropafadza mumabasa ose amaoko ako. 20 Kana
wazunza miti yako yamaorivhi, usandozunzazve rwechipiri. Siyira asara
kumutorwa, nherera nechirikadzi. 21 Kana uchikohwa mazambiringa mu-
munda wako womuzambiringa, usadzokorora kukohwa. Siyira zvinosara
kumutorwa, nherera nechirikadzi. 22 Murangarire kuti maiva varanda
muIjipiti. Ndokusaka ndichikurayirai kuti muite izvi.

# 25

1 Kana vanhu vane gakava, vanofanira kuenda kudare uye vatongi
vachatonga nyaya iyi, vachiruramisira asina mhosva nokupa mhosva
uyo akatadza. 2 Kana munhu ane mhosva achifanira kurohwa, mutongi
anofanira kumuti arare pasi agoita kuti arohwe pamberi pake neshamhu
dzakafanira mhosva yake. 3 Asi haafaniri kupiwa shamhu dzinodarika
makumi mana. Kana akarohwa zvakapfurikidza mwero, hama yako
inenge yazvidzwa pamberi pako.
4 Usasunga muromo wenzombe kana ichipura zviyo.
5 Kana hama dzichigara pamwe chete mumwe wavo akafa asina
mwanakomana, chirikadzi yake haifaniri kuwanikwa kunze kwemhuri.
Hama yomurume wake inofanira kumutora nokumuwana uye agoita
zvinofanira kuitwa nehama yomurume wake kwaari. 6 Mwanakomana
wokutanga waachabereka anofanira kutora zita rehama yake yakafa
kuitira kuti zita rake rirege kudzimwa muIsraeri.
7 Asi, kana munhu asingadi kuwana mukadzi wehama yake, mukadzi
achaenda kuvakuru pasuo reguta agoti, "Hama yomurume wangu
yaramba kumutsa zita romukoma wake muIsraeri. Haadi kuita zvino-
fanira kuitwa nehama yomurume kwandiri." 8 Ipapo vakuru veguta
romurume uyu vanofanira kumudana vataure naye. Kana akaramba
achiti, "Handidi zvangu kumuwana," 9 chirikadzi yehama yake inofanira
kuenda kwaari pamberi pavakuru, agomubvisa imwe yeshangu dzake,
uye agomusvipira mate kumeso achiti, "Izvi ndizvo zvinoitwa kumurume
anoramba kuvaka imba yomukoma wake." 10 Imba yomurume uyu ic-
hazivikanwa muIsraeri nezita rokuti Imba yoMurume Akabviswa Shangu
Yake.
11 Kana varume vaviri vachirwa ipapo mukadzi womumwe wavo
akauya kuzonunura murume wake pane anomurwisa, uye akaswedera
akabata murume uya nhengo dzake, 12 munofanira kugura ruoko rwake.
Musamunzwira tsitsi.
13 Usava nezviyereso zviviri zvisina kuenzana muhomwe yako,
chimwe chinorema, chimwe chakareruka. 14 Usava nezvipimiso
zviviri zvakasiyana mumba mako, chimwe chikuru, chimwe chiduku.
15 Unofanira kuva nezviereso nezvipimiso zvakanaka uye zvechokwadi
kuitira kuti ugorarama mazuva mazhinji munyika yauri kupiwa naJe-
hovha Mwari wako. 16 Nokuti Jehovha Mwari wako anonyangadzwa
nomunhu anoita zvinhu izvi, munhu upi zvake, anoita zvinhu nokusa-
tendeka.
17 Murangarire zvamakaitirwa navaAmareki parwendo rwenyu pamak-
abuda kubva muIjipiti. 18 Pamakanga maziya uye maneta, vakasangana
nemi parwendo rwenyu vakauraya vose vakanga vachisaririra shure;
vakanga vasingatyi Mwari. 19 Kana Jehovha Mwari wenyu akupai zvose
kubva kuvavengi vakakupoteredzai munyika yaari kukupai kuti ive yenyu
senhaka, munofanira kudzima kurangarirwa kwaAmareki kubva pasi
pedenga. Musazokanganwa!

# 26

### *Zvibereko Zvokutanga neZvegumi*

1 Kana uchinge wapinda munyika yauri kupiwa naJehovha Mwari
wako senhaka uye kana uchinge waitora wava kugara mairi, 2 utore
zvimwe zvezvibereko zvose zvokutanga zvauchakohwa kubva pavhu

renyika yauri kupiwa naJehovha Mwari wako ugozviisa mudengu. Ipapo
ugoenda kunzvimbo iyo Jehovha Mwari wako achasarudza kuti Zita
rake rigarepo, 3 uye ugoti kumuprista ari kushumira panguva iyoyo,
“Ndinozvireva nhasi pamberi paJehovha Mwari wako kuti ndasvika
munyika yakapikirwa madzitateguru edu naJehovha kuti achatipa.”
4 Muprista anofanira kutora dengu kubva mumaoko ako agoriisa pasi
pamberi pearitari yaJehovha Mwari wake. 5 Ipapo uchataura pamberi
paJehovha Mwari wako, uchiti, “Baba vangu vakanga vari muAramu
mufambi, vakadzika vakaenda kuIjipiti navanhu vashoma uye vakagarako
vakazova rudzi rukuru, rune simba uye runa vanhu vazhinji. 6 Asi vaI-
jipita vakatiitira zvakaipa, vakatitambudza, vachitibatisa basa rinorema.
7 Ipapo takadana kuna Jehovha, iye Mwari wamadzibaba edu, uye
Jehovha akanzwa inzwi redu akaona kutambudzika kwedu, kushandiswa
nokumanikidzwa kwedu. 8 Saka Jehovha akatibudisa muIjipiti nechanza
chine simba uye noruoko rwakatambanudzwa, nezvinotyisa, nezviratidzo
uye nezvishamiso. 9 Akatiuyisa panzvimbo ino akatipa nyika ino, nyika
inoyerera mukaka nouchi. 10 Zvino ndauya nezvibereko zvokutanga
zvevhu ramakandipa imi, iyemi Jehovha.” Uise dengu pamberi paJehovha
Mwari wako uye ugopfugama pamberi pake. 11 Uye iwe navaRevhi, nava-
torwa vari pakati penyu muchafara mune zvose zvakanaka zvawakaitirwa
naJehovha Mwari wako, iwe nemhuri yako.

12 Kana uchinge wapedza kutsaura chegumi chezvose zvawakawana
mugore rechitatu, gore rechegumi, uchachipa kuvaRevhi, nokumutorwa,
nokunherera uye nokuchirikadzi, kuitira kuti vagodya vachiguta mu-
maguta enyu. 13 Ipapo ugoti kuna Jehovha Mwari wako, “Ndabvisa
mugove mutsvene paimba yangu uye ndaupa kumuRevhi, nokumutorwa,
nokunherera uye nokuchirikadzi, maererano nezvose zvamakarayira.
Handina kutsauka kubva pamirayiro yenyu kana kukanganwa kunyange
mumwe chete zvawo. 14 Handina kudya kana chikamu zvacho chomu-
gove mutsvene panguva yandaiva pakuchema, kana kubvisa chikamu
chawo panguva yandaiva ndisina kunatswa, kana kupa chikamu chawo
kuvakafa. Ndakateerera Jehovha Mwari wangu; ndaita zvose zvamakandi-
rayira. 15 Tarirai muri kudenga, panzvimbo yougaro hwenyu tsvene,
mugoropafadza vanhu venyu Israeri uye nenyika yamakatipa sezva-
makavimbisa nemhiko kumadzitateguru edu, nyika inoyerera mukaka
nouchi.”

*Kutevera Mirayiro yaJehovha*

16 Jehovha Mwari wenyu anokurayirai nhasi kuti muteerere mitemo
nemirayiro iyi; muchenjerere kuichengeta nomwoyo wenyu wose uye
nomweya wenyu wose. 17 Mareva nhasi kuti Jehovha ndiye Mwari wenyu
uye kuti muchafamba munzira dzake, uye kuti muchamuteerera. 18 Uye
Jehovha azvireva nhasi kuti imi muri vanhu vake, pfuma yake inokosha
sezvaakavimbisa, uye kuti imi muchachengeta mirayiro yake. 19 Ati
achakukurisai kwazvo kupfuura ndudzi dzose dzaakaita pakurumbidzwa,
napamukurumbira napakukudzwa kuti muve rudzi rutsvene kuna Je-
hovha Mwari wenyu, sezvaakavimbisa.

## 27

*Aritari paGomo reEbhari*

1 Zvino Mozisi navakuru veIsraeri vakarayira vanhu vachiti, “Chengetai
mirayiro iyi yose yandinokupai nhasi. 2 Kana muchinge mayambuka
Jorodhani muchipinda munyika yamuri kupiwa naJehovha Mwari wenyu,
munofanira kumisa mabwe makuru mugoapenda nesuko. 3 Mugonyora
pamusoro pawo mashoko ose nomurayiro uyu kana muchinge mayam-
buka mhiri kuti mupinde munyika yamuri kupiwa naJehovha Mwari
wenyu, nyika inoyerera mukaka nouchi, sezvamakavimbiswa naJehovha,
iye Mwari wamadzibaba enyu. 4 Zvino kana muchinge mayambuka
Jorodhani, misai mabwe aya paGomo reEbhari, sezvandakurayirai nhasi,
mugoapenda nesuko. 5 Muvake aritari yaJehovha Mwari wenyu ipapo,
aritari yamabwe. Musashandisa simbi pakumisa mabwe aya. 6 Muvake
aritari yaJehovha Mwari wenyu namabwe asina kuvezwa uye mugob-
ayirapo kuna Jehovha Mwari wenyu zvipiriso zvinopiswa. 7 Mubayire
zvipiriso zvokuwadzana ipapo, muzvidye muchipembera pamberi pa-
Jehovha Mwari wenyu. 8 Uye munofanira kunyora mashoko aya ose
omurayiro pamabwe amakamisa aya zvinonyatsoonekwa.”

### *Kutukwa kuchadanidzirwa paGomo reEbhari*

9 Ipapo Mozisi navaprista vanova vaRevhi, vakataura kuvaIsraeri vose
vakati, “Nyararai imi Israeri, uye muteerere! Iye zvino mava rudzi
rwaJehovha Mwari wenyu. 10 Naizvozvo teererai Jehovha Mwari wenyu
uye mugotevera mirayiro nemitemo yandinokupai nhasi.”

11 Pazuva rimwe chetero Mozisi akarayira vanhu achiti:

12 Kana muchinge mayambuka Jorodhani, aya ndiwo marudzi anofanira
kundomira pamusoro peGomo reGerizimu kuti varopafadze vanhu: Sime-
oni, Revhi, Judha, Isakari, Josefa naBhenjamini. 13 Uye marudzi aya ndiwo
achamira paGomo reEbhari kuti vadanidzire kutuka: Rubheni, Gadhi,
Asheri, Zebhuruni, Dhani, naNafutari.

14 VaRevhi vachataura kuvanhu vose veIsraeri nenzwi guru vachiti:

15 “Ngaatukwe munhu anoita chifananidzo chakavezwa kana chakaumbwa, chinhu chinonyangadza Jehovha, basa ramaoko emhizha, uye agochimisa pakavanzwa.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

16 “Ngaatukwe munhu anozvidza baba kana mai vake.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni.”

17 “Ngaatukwe munhu anoshandura muganhu womuvakidzani wake.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

18 “Ngaatukwe munhu anotsausa bofu panzira.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

19 “Ngaatukwe munhu anorega kururamisira mutorwa, nherera kana chirikadzi.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

20 “Ngaatukwe munhu anovata nomukadzi wababa vake, nokuti azvidza nhoo yababa vake.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

21 “Ngaatukwe munhu anovata nemhuka ipi zvayo.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

22 “Ngaatukwe munhu anovata nehanzvadzi yake, mwanasikana wababa vake, kana mwanasikana wamai vake.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

23 “Ngaatukwe munhu anovata namai vomukadzi wake.”

Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

24 “Ngaatukwe munhu anouraya muvakidzani pakavanda.”
Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”
25 “Ngaatukwe munhu anogamuchira fufuro kuti auraye munhu asina mhosva.”
Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”
26 “Ngaatukwe munhu asingasimbisi mashoko omurayiro uyu nokuaita.”
Ipapo vanhu vose vachati, “Ameni!”

# 28

*Maropafadzo oKuteerera*

1 Kana muchiteerera zvakanaka Jehovha Mwari wenyu nokuchenjerera
kutevera mirayiro yake yose yandinokupai nhasi, Jehovha Mwari wenyu
achakuisai pamusoro-soro pendudzi dzose dzapanyika. 2 Maropafadzo
aya ose achauya pamusoro penyu uye achava nemi kana muchiteerera
Jehovha Mwari:

3 Ucharopafadzwa muguta uye ucharopafadzwa mumunda.

4 Zvibereko zvomuviri wako zvicharopafadzwa, uye zvibereko zvevhu rako nezvibereko zvemombe dzako, mhuru dzemhou dzako uye namakwayana amakwai ako.

5 Dengu rako nomudziyo waunokanyira chingwa zvicharopafadzwa.

6 Ucharopafadzwa kana uchipinda uye ucharopafadzwa kana uchibuda.

7 Jehovha achaita kuti vavengi vako, vanokumukira kuti vakurwise,
vakundwe pamberi pako. Vachauya kwauri nenzira imwe chete asi
vagotiza vachibva kwauri nenzira nomwe.

8 Jehovha achakutumira kuropafadzwa pamatura ako uye nepane zvose zvauchabata namaoko ako. Jehovha Mwari wako achakuropafadza munyika yaari kukupa.

9 Jehovha achakusimbisai sorudzi rwake rutsvene, sezvaakakuvimbisai
nemhiko, kana mukachengeta mirayiro yaJehovha Mwari wenyu uye
mukafamba munzira dzake. 10 Ipapo marudzi ose ari panyika achazviona
kuti munodanwa nezita raJehovha, uye vachakutyai. 11 Jehovha achakupa
pfuma zhinji, muzvibereko zvomuviri wako, zvibereko zvezvipfuwo zvako
uye nezvirimwa zvevhu rako, munyika yaakapikira kumadzitateguru ako
kuti achakupa.

12 Jehovha achazarura matenga, matura ake epfuma zhinji, kuti atumire
mvura panyika yako nenguva uye acharopafadza mabasa ose amaoko
ako. Iwe uchakweretesa ndudzi zhinji asi iwe haungakwereti. 13 Jehovha
achakuita musoro, kwete muswe. Kana ukanyatsoteerera kumirayiro
yaJehovha Mwari wako yandinokupa nhasi uye ukachenjerera kuitevera,
ucharamba uri pamusoro chete, haungavi pasi. 14 Usatsauka kubva
pane mumwe wemirayiro yandinokupa nhasi, kutsaukira kurudyi kana
kuruboshwe, uchitevera vamwe vamwari kuti uvashumire.

*Kutukwa nokuda kwokusateerera*

15 Asi, kana usingateereri Jehovha Mwari wako uye usingachenjereri kutevera mirayiro yake yose nemitemo yandinokupa nhasi, kutukwa kwose uku kuchava pamusoro pako, uchakundwa nako:

16 Uchatukwa muguta uye uchatukwa mumunda.

17 Dengu rako nomudziyo wako wokukanyira chingwa zvichatukwa.

18 Chibereko chomuviri wako chichatukwa, uye zvirimwa zvevhu
rako, nemhuru dzemhou dzako namakwayana amakwai ako.

19 Uchatukwa kana uchipinda uye uchatukwa kana uchibuda.

20 Jehovha achatuma kutukwa pamusoro pako, nokunyonganiswa uye
nokurangwa pazvinhu zvose zvaunobata namaoko ako, kusvikira wa-
paradzwa uye kusvikira waparara nokukurumidza nokuda kwezvakaipa
zvawakaita zvokumuramba. 21 Jehovha achakurova nedenda nezvir-
were kusvikira akuparadza kubva panyika yauri kupinda kuti uitore.
22 Jehovha achakurova nechirwere chinoondesa, nefivha nokupisa kwom-
uviri, nokupisa kukuru, nokusanaya kwemvura nenyunje, nokuvhuvha,
uye zvichakutevera kusvikira waparara. 23 Denga riri pamusoro pako
richaita sendarira, nenyika iri pasi pako sedare. 24 Jehovha achashandura
mvura yenyika yako ikava guruva nemhukuta; richanaya kubva kudenga
kusvikira waparadzwa.

25 Jehovha achaita kuti mukundwe navavengi venyu. Muchauya nenzira
imwe chete kuzorwa navo asi mugotiza pamberi pavo nenzira nomwe, uye
muchava chinhu chinotyisa kumarudzi ose apanyika. 26 Zvitunha zvenyu
zvichava zvokudya zveshiri dzedenga nezvikara zvenyika, uye hapana
achazvidzinga. 27 Jehovha achakurovai namamota eIjipiti uye namaronda,
nemhezi nokuswinya zvicharamba kupora. 28 Jehovha achakurovai
nokupenga, upofu nokunyonganiswa kwepfungwa. 29 Panguva ya-
masikati uchatsvanzvadzira sebofu murima. Haungabudiriri pane zvose
zvauchaita; zuva nezuva uchamanikidzwa uye uchabirwa pasina anoku-
nunura.

30 Uchatsidzirana nomukadzi kuti umuwane, asi mumwe murume
achamuwana agovata naye. Uchavaka imba asi haungagarimo. Uchasima
munda womuzambiringa asi haungatongotangi kana kudya michero
yawo. 31 Nzombe yako ichaurayiwa pamberi pako, asi haungadyi
nyama yacho. Mbongoro yako ichatorwa nechisimba kubva kwauri uye
haizodzorerwi. Makwai ako achapiwa kuvavengi vako, uye hapana achaa-
nunura. 32 Vanakomana vako navanasikana vako vachapiwa kuno rumwe
rudzi, uye meso ako achaneta nokuvatsvaka zuva nezuva, usisina kana
simba rokusimudza ruoko. 33 Rudzi rwausingazivi ruchadya zvibereko
zvevhu rako nesimba rako, uye uchava nokumanikidzwa kuno utsinye
mazuva ose. 34 Zvauchaona zvichakupengesa. 35 Jehovha achakurova
mumabvi nomumakumbo namamota anorwadza asingarapiki, achibva
pasi petsoka dzako kusvikira pamusoro pomusoro wako.

36 Jehovha achakudzingirai, imi namambo wamakagadza kuti akutongei,
kunyika yamusingazivi imi kana madzibaba enyu, ikoko muchandona-
mata vamwe vamwari, vamwari vamatanda namabwe. 37 Muchava
chinhu chinotyisa, chinhu chinotukwa uye chinozvidzwa kundudzi dzose
kwamuchadzingirwa naJehovha.

38 Uchadyara mbeu yakawanda mumunda mako asi uchakohwa
zvishoma, nokuti zvichaparadzwa nemhashu. 39 Ucharima minda yem-
izambiringa ugoitimbira, asi haunganwi waini yacho kana kutanha
mazambiringa acho, nokuti achadyiwa namakonye. 40 Muchava nemiti
yemiorivhi munyika yenyu yose asi haungashandisi mafuta acho, nokuti
miorivhi yako ichazuka. 41 Uchabereka vanakomana navanasikana
asi haungavachengeti, nokuti vachaenda kuutapwa. 42 Miti yako yose
nezvibereko zvevhu rako zvose zvichadyiwa nemhashu.

43 Mutorwa anogara pakati penyu acharamba achibudirira kupfuura
iwe, asi iwe ucharamba uchidzikira pasi pasi. 44 Achakukweretesa, asi
iwe haungamukweretesi. Achava musoro asi iwe uchava muswe.

45 Kutukwa kwose uku kuchauya pamusoro pako. Vachakutevera
vagokubata kusvikira vakuparadza, nokuti hauna kuteerera Jehovha
Mwari wako nokuchengeta mirayiro nemitemo yake yaakakupa. 46 Ivo
vachava chiratidzo nechishamiso kwamuri uye nokuzvizvarwa zvenyu
nokusingaperi. 47 Nokuti hamuna kushumira Jehovha Mwari wenyu nom-
ufaro nokupembera panguva yokubudirira, 48 naizvozvo munzara neny-
ota, mukushama nomuurombo hwakaipisisa, muchashandira vavengi
vakatumwa naJehovha kuzokurwisai. Achaisa joko resimbi pamutsipa
wako kusvikira akuparadza.

49 Jehovha achauyisa rudzi kubva kure kuzokurwisai, kubva kumigumo
yenyika, segondo rinobhururuka, rudzi rune mutauro wamusinganzwi-
sisi, 50 rudzi runotyisa kutarisa rusingakudzi vatana kana kunzwira tsitsi
vaduku. 51 Vachaparadza zvibereko zvezvipfuwo zvenyu nezvirimwa
zveminda yenyu kusvikira maparadzwa. Havangakusiyirei zviyo, waini
itsva kana mafuta, kunyange mhuru dzemhou dzenyu kana makwayana
amakwai enyu kusvikira maparadzwa. 52 Vachakomba maguta ose
munyika yenyu yose kusvikira masvingo marefu amunovimba nawo
awira pasi. Vachakomba maguta ose ari munyika yenyu yose yamuri
kupiwa naJehovha Mwari wenyu.

53 Nokuda kwokutambudzwa nomuvengi panguva yaachakukombai,
muchadya zvibereko zvezvizvaro zvenyu, nyama yavanakomana na-
vanasikana vamakapiwa naJehovha. 54 Kunyange munhu uya munyoro
anonzwisisa pakati penyu haazovi netsitsi kuhama yake chaiyo kana
kumukadzi wake waanoda kana kuvana vake vaanoda vapenyu, 55 uye
haangapi kune mumwe wavo nyama yevana vake yaari kudya. Ndiyo yoga
yaachange asarirwa nayo nokuda kwokutambudzwa kwamuchaitwa no-
muvengi wenyu panguva yaachakomba maguta enyu ose. 56 Mukadzi ane
unyoro uye anonzwisisa pakati penyu, ane unyoro nokunzwisisa zvokuti
haangatsiki pasi norutsoka rwake pakati penyu, achava nomufungo
wakaipa kumurume waanoda nokumwanakomana kana mwanasikana
wake 57 achangobva kuzvarwa kubva muchizvaro chake uye nevana
vaanobereka. Nokuti anenge achida kuzovadya pakavanzika panguva
yokukombwa nokutambudzwa kwamuchaitwa nomuvengi wenyu muri
mumaguta enyu.

58 Kana mukasachenjerera kutevera mashoko ose omurayiro uyu,
akanyorwa mubhuku iri, uye mukasatya zita iri rinobwinya uye rino-
tyisa, 59 Jehovha achatumira hosha dzinotyisa pamusoro penyu imi
nezvizvarwa zvenyu, njodzi namatambudziko asingaperi, nezvirwere
zvakaipisisa zvisingaperi. 60 Achauyisa hosha dzose dzokuIjipiti pamu-
soro penyu, idzo dzamunotya, uye dzichabatirira pamuri. 61 Jehovha
achauyisawo pamusoro penyu zvirwere zvamarudzi ose nenjodzi dzisina
kunyorwa muBhuku iri roMurayiro, kusvikira maparadzwa. 62 Imi maim-
bova makawanda senyeredzi dzokudenga muchasara mangova vashoma,
nokuti hamuna kuteerera Jehovha Mwari wenyu. 63 Sezvazvakafadza
Jehovha kuti imi mubudirire uye muwande, naizvozvo zvichamufadza
kuti akuitirei zvakaipa uye akuparadzei. Muchadzurwa kubva munyika
yamuri kupinda kuti ive yenyu.

64 Jehovha achakuparadzirai pakati pendudzi, kubva kuno rumwe
rutivi rwenyika kusvika kuno rumwe. Ikoko muchanamata vamwe
vamwari, vamwari vamatanda namabwe, vamusina kumboziva imi kana
madzibaba enyu. 65 Pakati pendudzi idzodzo haungawani zororo, kana
nzvimbo yokuisa rutsoka rwako. Ikoko Jehovha achakupa kufunganya,
meso akaneta nokutarisira uye nokuora mwoyo. 66 Uchararama up-
enyu hwako hwakarembera nguva dzose, wakazadzwa nokutya usiku
namasikati, usina chokwadi pamusoro poupenyu hwako. 67 Mangwanani
muchati, "Dai chete anga ari madekwana!" uye madekwana muchati, "Dai
chete anga ari mangwanani!"—nokuda kwokutya kuchazadza mwoyo
yenyu nokuda kwezvinhu zvamuchaona nameso enyu. 68 Jehovha
achakudzoserai kuIjipiti muri muzvikepe parwendo rwandakati ham-
ufaniri kuzoruonazve. Ikoko muchada kuzvitengesa kuvavengi venyu
savarandarume kana varandakadzi, asi hapana angada kukutengai.

# 29

*Kuvandudzwa kweSungano*

1 Aya ndiwo mashoko esungano akarayirwa Mozisi naJehovha kuti
aaite navana veIsraeri munyika yeMoabhu, kupamhidzira pamusoro
pesungano yaakaita navo paHorebhi.

2 Mozisi akadana vaIsraeri vose akati kwavari:

Meso enyu akaona zvose zvakaitwa naJehovha muIjipiti kuna Faro,
namachinda ake ose uye nokunyika yake yose. 3 Nameso enyu chaiwo
makaona miedzo iya mikuru, nezviratidzo nezvishamiso zviya zvikuru.
4 Asi kusvikira nanhasi Jehovha haana kukupai pfungwa dzokunzwisisa
kana meso okuona kana nzeve dzokunzwa. 5 Pamakore makumi mana
andakakutungamirirai nomurenje, nguo dzenyu hadzina kusakara, kun-
yange neshangu dzenyu dzamaiva makapfeka. 6 Hamuna kudya chingwa
kana kunwa waini kana zvimwe zvinodhaka. Ndakaita izvi kuti muzive
kuti ndini Jehovha Mwari wenyu.

7 Pamakasvika panzvimbo ino, Sihoni mambo weHeshibhoni naOgi
mambo weBhashani vakauya kuzotirwisa, asi takavakunda. 8 Takatora
nyika yavo tikaipa kuvaRubheni, navaGadhi nokuhafu yorudzi rwa-
Manase kuti ive nhaka yavo.

9 Chenjerai kuti munyatsotevera mashoko esungano iyi kuitira kuti
muzobudirira pazvinhu zvose zvamunoita. 10 Imi mose nhasi makamira
pamberi paJehovha Mwari wenyu, vatungamiri venyu navarume vose
veIsraeri, 11 pamwe chete navana venyu navakadzi venyu, navatorwa
vanogara pamisasa yenyu vanokutemerai huni dzenyu uye vanokukucher-
erai mvura. 12 Makamira pano kuti muite sungano naJehovha Mwari
wenyu, sungano iyo Jehovha ari kuita nemi nhasi achiisimbisa nemhiko,
13 kuti akusimbisei nhasi savanhu vake, kuti ave Mwari wenyu sezvaakav-
imbisa uye sezvaakapika kumadzibaba enyu, Abhurahama, naIsaka,
naJakobho. 14 Ndiri kuita sungano iyi, nemhiko yacho, kwete nemi chete,
15 imi makamira nesu pano nhasi uno pamberi paJehovha Mwari wedu,
asi navayawo vasiri pano nhasi.

16 Imi pachenyu munoziva magariro atakaita muIjipiti uye
namapfuuriro atakaita nomunyika dzatakafamba nemadziri parwendo
kusvikira tasvika pano. 17 Makaona pakati padzo zvifananidzo
nezviumbwa zvinonyangadza zvamatanda namabwe, zvesirivha

negoridhe. [18] Muchenjerere kuti parege kuva nomurume kana mukadzi,
mhuri kana rudzi pakati penyu nhasi vano mwoyo unotsauka kubva kuna
Jehovha Mwari wenyu kuti vaende vachindonamata vamwari vendudzi
idzodzo; chenjererai kuti pakati penyu parege kuva nomudzi unobereka
muchetura unovava kudaro.
[19] Kana munhu akadaro akanzwa mashoko emhiko iyi, anozviropafadza
uye naizvozvo agofunga kuti, "Ndichava norugare, kunyange ndikaramba
ndichifamba nenzira yangu." Izvi zvichauyisa njodzi panyika nyoro uye
napanyika yakaoma. [20] Jehovha haazombodi kumukanganwira; hasha
dzake neshungu dzake zvichapisa pamusoro pomunhu uyo. Kutukwa
kwose kwakanyorwa mubhuku iri kuchawira pamusoro pake, uye Je-
hovha achadzima zita rake kubva pasi pedenga. [21] Jehovha achamutsaura
iye ari oga kubva pamarudzi ose eIsraeri kuti amuise panjodzi, maererano
nokutukwa kwose kwakanyorwa mubhuku iri romurayiro.
[22] Vana venyu, ivo zvizvarwa zvichazokuteverai uye navatorwa
vachauya kubva kunyika dziri kure pavachazoona matambudziko
achawira nyika uye nezvirwere zvaicharohwa nazvo naJehovha. [23] Nyika
yose inenge ichitsva nokuparadzwa nomunyu nesafuri, pasina zvakad-
yarwa, pasina zvinomeramo, pasina uswa nemiti zvinokuramo. Zvichaita
sokuparadzwa kweSodhomu neGomora kana kuparadzwa kweAdhama
neZebhoimi, idzo Jehovha akaparadza mukutsamwa kwake kunotyisa.
[24] Ndudzi dzose dzichabvunza dzichiti, "Ko, sei Jehovha akaita izvi kunyika
iyi. Sei akatsamwa zvinotyisa kudai?"
[25] Zvino mhinduro yacho ichava yokuti, "Nemhaka yokuti vanhu
vake vakasiya sungano yaJehovha, iye Mwari wamadzibaba avo,
sungano yaakaita navo paakavabudisa kubva muIjipiti. [26] Vakabva
vakaenda vakandonamata vamwe vamwari uye vakavapfugamira,
vamwari vavakanga vasingazivi, vamwari vaakanga asina kuvapa.
[27] Naizvozvo kutsamwa kwaJehovha kwakapisa pamusoro penyika iyi,
zvokuti akauyisa pamusoro payo kutukwa kwose kwakanyorwa mubhuku
iri. [28] Mukutsamwa kunotyisa nehasha huru Jehovha akavadzura kubva
munyika yavo akavarasira kune imwe nyika sezvazvakaita iye zvino."
[29] Zvinhu zvakavanzika ndezvaJehovha Mwari wedu, asi zvinhu
zvakaratidzwa ndezvedu isu navana vedu nokusingaperi, kuti tigotevera
mashoko ose omurayiro uyu.

# 30

*Kubudirira mushure mokudzokera kuna Jehovha*

[1] Kana kuropafadzwa nokutukwa uku kwose kwandaisa pamberi
penyu kwakuwirai uye mazviisa pamwoyo kwose kwamunoparadzirwa
naJehovha Mwari wenyu pakati pendudzi, [2] uye kana iwe navana vako
ukadzokera kuna Jehovha Mwari wako ukamutereera nomwoyo wako
wose nomweya wako wose maererano nezvose zvandakurayirai nhasi,
[3] ipapo Jehovha Mwari wenyu achakudzorerai pfuma yenyu agokunzwirai
tsitsi nokukuunganidzai kubva kundudzi dzose kwaakakuparadzirai.
[4] Kunyange dai manga makarasirwa kunyika iri kure kwazvo pasi
pedenga, kubva ikoko Jehovha Mwari wenyu achakuunganidzai uye
agokudzosai. [5] Achakudzosai kunyika yamadzibaba enyu, uye muchaitora
igova yenyu. Achakuitai kuti munyanyobudirira uye muwande kupfuura
madzibaba enyu. [6] Jehovha Mwari wenyu achadzingisa mwoyo yenyu
nemwoyo yezvizvarwa zvenyu, kuitira kuti mugomuda nomwoyo wenyu

wose uye nomweya wenyu wose, mugorarama. 7 Jehovha Mwari wenyu
achaisa kutukwa uku kwose pamusoro pavavengi venyu vanokuvengai
nokukutambudzai. 8 Muchateererazve Jehovha uye muchatevera mirayiro
yake yose yandiri kukupai nhasi. 9 Ipapo Jehovha Mwari wako achakup-
fumisa zvikuru mumabasa ose amaoko ako nechibereko chomuviri wako,
nezvibereko zvezvipfuwo zvako uye nezvibereko zvevhu rako. Jehovha
achafadzwazve newe agokupfumisa, sokufadzwa kwaakaitwa namadz-
ibaba ako, 10 kana ukateerera Jehovha Mwari wako uye ukachengeta
mirayiro yake nemitemo yake yakanyorwa mubhuku iri roMurayiro uye
ukadzoka kuna Jehovha Mwari wako nomwoyo wako wose nomweya
wako wose.

### *Kusarudza Upenyu kana Rufu*

11 Zvino zvandiri kukurayirai nhasi hazvina kunyanya kukuomerai kana
kuva kure nemi. 12 Hauzi kudenga, zvokuti mungabvunza muchiti, “Ndi-
ani achatikwirira kudenga kundoutora agotiparidzira kuti tiuite?” 13 Kana
kuti uri mhiri kwegungwa zvokuti mungabvunza muchiti, “Ndiani an-
gatiyambukira mhiri kundotitorera kuti atiparidzire kuti tiuite.” 14 Kwete,
shoko riri pedyo newe kwazvo; riri mumuromo mako nomumwoyo mako
kuti uriite.

15 Tarira, ndaisa pamberi pako nhasi upenyu noupfumi, uye rufu noku-
paradzwa. 16 Nokuti ndinokurayira kuti ude Jehovha Mwari wako nhasi,
kuti ufambe munzira dzake nguva dzose uye uchengete zvaakarayira,
mitemo nemirayiro yake; ipapo uchararama ugowanda, uye Jehovha
Mwari wako achakuropafadza munyika yauri kupinda kuti uitore.

17 Asi kana mwoyo wako ukatsauka uye kana usingateereri, uye
kana ukakwezvwa kuti undopfugamira vamwe vamwari ugovanamata,
18 ndinokuudza nhasi kuti uchaparadzwa zvirokwazvo. Haungararami
kwenguva refu munyika yamuri kuyambuka Jorodhani kuti mupinde
mugoitora.

19 Nhasi uno ndinodana denga nenyika kuti zvikupupurirei kuti ndaisa
pamberi penyu upenyu nerufu, maropafadzo nokutukwa. Zvino sarudza
upenyu, kuitira kuti iwe navana vako mugorarama. 20 Uye ugoda Jehovha
Mwari wako, uteerere inzwi rake, uye ugobatirira paari. Nokuti Jehovha
ndiye upenyu hwako, uye achakupa makore mazhinji munyika yaakapika
kuti achaipa kumadzibaba enyu Abhurahama, Isaka naJakobho.

## 31

### *Joshua anotevera Mozisi pakutungamirira*

1 Ipapo Mozisi akaenda akandotaura mashoko aya kuvaIsraeri vose
achiti: 2 “Zvino ndava namakore zana namakumi maviri uye handichag-
oni kukutungamirirai. Jehovha akati kwandiri, ‘Iwe haufaniri kuyambuka
Jorodhani urwu.’ 3 Jehovha Mwari wenyu pachake ndiye achayambuka
ari pamberi penyu. Achaparadza ndudzi idzi dzose pamberi penyu,
mugotora nyika yavo. Joshua ndiye achayambuka ari pamberi penyu,
sezvakataurwa naJehovha. 4 Zvino Jehovha achavaitira ivo zvaakaitira
Sihoni naOgi, madzimambo avaAmori, vaakaparadza pamwe chete
nenyika yavo. 5 Jehovha achavaisa kwamuri, uye munofanira kuvaitira
zvose zvandakakurayirai. 6 Simbai mutsunge mwoyo. Musatya kana
kuvhundutswa nokuda kwavo, nokuti Jehovha Mwari wenyu achaenda
nemi; haangakusiyei kana kukurasai.”

7 Ipapo Mozisi akadana Joshua akati kwaari, pamberi pavaIsraeri vose,
“Simba utsunge mwoyo, nokuti unofanira kuenda navanhu ava munyika
iyo Jehovha akapika kumadzitateguru avo kuti achavapa, uye unofanira
kuigovera kwavari senhaka. 8 Jehovha pachake achakutungamirira uye
achava newe; haangakusiyi kana kukurasa. Usatya kana kuora mwoyo.”

### *Kuverengwa kwoMurayiro*

9 Saka Mozisi akanyora murayiro uyu akaupa kuvaprista, vanako-
mana vaRevhi, vaitakura areka yesungano yaJehovha, uye nokuvakuru
vose veIsraeri. 10 Ipapo Mozisi akavarayira, akati, “Panopera makore
manomwe nguva dzose, mugore rokukanganwira zvikwereti, panguva
yoMutambo waMatumba, 11 vaIsraeri vose pavanouya kuzozviratidza
pamberi paJehovha Mwari wenyu panzvimbo yaachasarudza, muchav-
erenga murayiro uyu pamberi pavo vachinzwa. 12 Unganidzai vanhu,
varume, vakadzi navana uye navatorwa vagere mumaguta enyu, kuti
vanzwe uye vazive kutya Jehovha Mwari wenyu nokutevera zvakanaka
mashoko ose omurayiro uyu. 13 Vana vavo, vasingazivi murayiro
uyu, vanofanira kuunzwa uye vagodzidza kutya Jehovha Mwari wenyu
panguva yose yamuchagara munyika yamuri kuyambuka Jorodhani kuti
muitore.”

### *Kumukira kwavaIsraeri kunoziviswa*

14 Jehovha akati kuna Mozisi, “Zvino zuva rokufa kwako rava pedyo.
Dana Joshua mugondomira muTende Rokusangana kuti ndimurayire.”
Saka Mozisi naJoshua vakauya vakazviratidza paTende Rokusangana.

15 Ipapo Jehovha akazviratidza paTende mushongwe yegore, uye gore
rikamira pamusuo weTende. 16 Zvino Jehovha akati kuna Mozisi,
“Uchavata namadzibaba ako, uye vanhu ava, zvino zvino, vachaita
ufeve navamwari vavatorwa venyika yavari kupinda. Vachandirasa
uye vachaputsa sungano yandakaita navo. 17 Pazuva iroro ndichavat-
samwira ndigovarasa: ndichavanza chiso changu kubva kwavari, uye
vachaparadzwa. Njodzi namatambudziko mazhinji zvichavawira uye
pazuva iro vachabvunza vachiti, ‘Ko, hatina kuwirwa nenjodzi idzi nokuti
Mwari wedu haasi pakati pedu here?’ 18 Zvino ndichaviga chiso changu
zvirokwazvo nezuva iro nokuda kwezvakaipa zvavo zvose zvokutsaukira
kuna vamwe vamwari.

19 “Zvino zvinyorerei rwiyo urwu mugorudzidzisa kuvaIsraeri uye
mugovaita kuti varuimbe, kuitira kuti chigova chapupu kwandiri pamu-
soro pavo. 20 Kana ndichinge ndavauyisa munyika inoerera mukaka
nouchi, nyika iyo yandakavimbisa nemhiko kumadzitateguru avo, uye
kana vachinge vadya vaguta uye vakora, vachatsaukira kuna vamwe
vamwari vagovanamata, vachindiramba uye vachiputsa sungano yangu.
21 Zvino kana njodzi namatambudziko mazhinji zvavawira, rwiyo urwu
ruchavapupurira pamusoro pavo, nokuti haruzombokanganwikwi nezviz-
varwa zvavo. Ini ndinoziva zvavachazoita, kunyange ndisati ndavauyisa
munyika yandakavavimbisa nemhiko.” 22 Saka Mozisi akanyora rwiyo
urwu nomusi uyu uye akarudzidzisa kuvaIsraeri.

23 Jehovha akapa murayiro uyu kuna Joshua mwanakomana waNuni
akati, “Simba utsunge mwoyo, nokuti uchauyisa vaIsraeri munyika
yandakavavimbisa nemhiko, uye ini pachangu ndichava newe.”

24 Mushure mokunge Mozisi apedza kunyora mubhuku mashoko omu-
rayiro uyu kubva pokutanga kusvikira pokupedzisira, 25 akapa murayiro
uyu kuvaRevhi vaitakura areka yesungano yaJehovha achiti, 26 “Torai

Bhuku iri roMurayiro muriise parutivi peareka yesungano yaJehovha
Mwari wenyu. Ipapo richagara sechapupu pamusoro penyu. 27 Nokuti
ndinoziva kuti vanomukira sei uye kuti mitsipa yavo mikukutu sei.
Kana maimukira Jehovha ndichiri mupenyu uye ndiri pakati penyu, ko,
kuzoti ndikange ndafa muchamumukira zvakadii! 28 Ndiunganidzirei
vakuru vose vamarudzi enyu namachinda enyu ose, kuti nditaure
kwavari mashoko vachinzwa uye ndigodana denga nenyika zviva-
pupurire. 29 Nokuti ndinoziva kuti mushure mokunge ndafa imi muc-
hazvishatisa kwazvo uye muchatsauka kubva panzira yandakakurayirai.
Pamazuva anouya, njodzi ichakuwirai nokuti muchaita zvakaipa pamberi
paJehovha muchimutsamwisa nokuda kwezvakaitwa namaoko enyu."

### *Rwiyo rwaMozisi*

30 Zvino Mozisi akataura mashoko orwiyo urwu kubva kumavambo
kusvikira kumagumo, ungano yose yeIsraeri ichinzwa:

## 32

1 Inzwai, imi matenga, zvino ndichataura;
inzwa, iwe nyika, mashoko omuromo wangu.
2 Regai dzidziso yangu inaye semvura
uye mashoko angu ayerere sedova,
sokupfunha pauswa hunyoro,
semvura zhinji papfumvudza nyoro.

3 Ndichaparidza zita raJehovha.
Haiwa, rumbidzai ukuru hwaMwari wedu!
4 Ndiye ibwe, mabasa ake akakwana,
uye nzira dzake dzakarurama.
Mwari akatendeka asina chaanotadza,
akarurama uye ndowezvokwadi.

5 Vakaita zvakaipa kwaari;
vakazvinyadzisa uye havasisiri vana vake,
asi vava rudzi rwakatsauka rwakakombama,
6 Ko, iyi ndiyo nzira yamunoripira nayo Jehovha here,
imi mapenzi navanhu vasina kuchenjera?
Ko, haazi iye Baba wenyu, noMusiki wenyu here,
akakuitai nokukuumbai?

7 Rangarira mazuva akare;
ufunge marudzi akare kare.
Ubvunze baba vako, uye vachakuudza,
vakuru vako vachakutsanangurira.
8 Wokumusoro-soro paakapa ndudzi nhaka,
nguva yaakakamura marudzi ose,
akaisira vanhu miganhu,
zvichienderana nouwandu hwavanakomana veIsraeri.
9 Nokuti mugove waJehovha ndivo vanhu vake,
Jakobho ndiyo nhaka yake yaakayererwa.

10 Akamuwana munyika yomurenje,
musina chinhu, munotyisa.
Akamudzivirira uye akamuchengeta;

akamuchengetedza semboni yeziso rake,
11 segondo rinogadziridza dendere
raro nokuengerera pamusoro pavana varo,
rinotambanudza mapapiro aro kuti rivagamhe,
rovabereka pamapapiro aro.
12 Jehovha oga ndiye akamutungamirira;
kwakanga kusina mwari wokumwe akanga anaye.

13 Akamuita kuti atasve panzvimbo dzakakwirira dzenyika
uye akamupa zvibereko zveminda kuti adye.
Akamusimbisa nouchi hwakabva padombo,
uye namafuta akabva padombo romusarasara,
14 noruomba nomukaka kubva pamombe namakwai
uye namakwayana nembudzi zvakakodzwa,
namakondobwe akaisvonaka eBhashani,
netsanga dzakanakisisa dzegorosi.
Akanwa furo reropa ramazambiringa.

15 Jeshuruni akazokora uye akapfura;
aguta nezvokudya, akava mukobvu uye akava namafuta.
Akasiya Mwari akamuita
uye akaramba Ibwe, Muponesi wake.
16 Vakamuita kuti ave negodo nokuda kwavamwari vokumwe
uye vakamutsamwisa nezviumbwa zvinonyangadza.
17 Vakabayira kumadhimoni, asiri Mwari,
vamwari vavakanga vasingazivi,
vamwari vatsva vakanga vachangomuka,
vamwari vakanga vasingazivikanwi namadzibaba enyu.
18 Wakasiya Ibwe rakakubereka;
wakakanganwa Mwari akakubereka.

19 Jehovha akaona izvi akavaramba
nokuti akanga atsamwiswa navakomana vake navanasikana vake.
20 “Ndichavanza chiso changu kubva kwavari,” iye akadaro,
“tigoona kuti magumo avo achazodii;
nokuti rudzi rwakatsauka,
vana vasina kutendeka.
21 Vakamutsa godo rangu nokuda kwechinhu chisati chiri Mwari,
vakanditsamwisa nokuda kwezviumbwa zvavo zvisina maturo.
Ndichaita kuti vagodorwe navaya vasati vari vanhu;
ndichavaita kuti vatsamwiswe norudzi rusinganzwisisi.
22 Nokuti moto watungidzwa nehasha dzangu,
idzo dzinopisa kusvikira pasi pegomba rorufu.
Dzichaparadza nyika nezvibereko zvayo
uye dzichapisa nheyo dzamakomo.

23 “Ndichatutira njodzi pamusoro pavo
uye ndichapedza miseve yangu ndichivapfura.
24 Ndichatumira nzara inoondesa pamusoro pavo,
nokuparadza kunopisa zvikuru nedenda rakaipisisa;
ndichatumira meno ezvikara zvesango kwavari,
uturu hwenyoka dzomuguruva.

25 Munzira munondo uchaparadza vana vavo vose;
mudzimba dzavo vachagara vachivhundutswa.
Majaya nemhandara vachaparadzwa,
vacheche navatana vachaparadzwawo.
26 Ndakati ndichavaparadzira
ndigodzima kurangarirwa kwavo kubva pakati pamarudzi,
27 asi ndakazotya kutuka kwomuvengi,
kuti vavengi vavo vasazozvinzwisisa uye vakazoti,
'Ruoko rwedu rwatikundisa;
haazi Jehovha akaita izvi zvose.' "

28 Nokuti ivo rudzi rusina mano,
havagoni kunzvera pakati pavo.
29 Dai chete vakanga vakachenjera
uye dai vaizonzwisisa izvi nokunzvera kuti magumo avo achazova akaita sei!
30 Ko, munhu mumwe chete angadzinga sei chiuru chavanhu,
kana kuti vanhu vaviri vangaita kuti vanhu zviuru gumi vatize sei,
kunze kwokunge Dombo ravo ravatengesa,
kunze kwokunge Jehovha ari iye avaisa mumaoko avo?
31 Nokuti dombo ravo harina kufanana neDombo redu,
sezvinofungwa navavengi vedu.
32 Nokuti mazambiringa avo anobva pamizambiringa yeSodhomu
nokuminda yeGomora.
Mazambiringa avo azere nomuchetura,
uye masumbu avo azere nokuvava.
33 Waini yavo uturu hwenyoka,
uturu hwakaipisisa hwemhakure.

34 "Ko, handina kuchengeta izvi here,
uye ndikazvipfigira mumatura angu?
35 Kutsiva ndokwangu; ndichatsiva.
Nenguva yakafanira tsoka dzavo dzichatedzemuka;
zuva renjodzi yavo rava pedyo
uye kuparadzwa kwavo kunokurumidza kuuya pamusoro pavo."

36 Jehovha achatonga vanhu vake
uye achanzwira tsitsi varanda vake,
paanoona simba ravo rapera
uye pasina asara, akatapwa kana asina.
37 Achati, "Ko, zvino vamwari vavo varipiko,
dombo ravakahwanda mariri,
38 vamwari vakadya mafuta ezvibayiro zvavo
nokunwa waini yezvipiriso zvavo zvinonwiwa?
Ngavasimuke kuti vakubatsirei!
Ngavakupei pokuvanda!

39 "Chionai zvino kuti ini pachangu ndini Iye!
Hakuna mumwe Mwari kunze kwangu,
ndinouraya uye ndinopa upenyu,
ndakakuvadza uye ndichaporesa, uye hapana anogona kudzikinura muruoko rwangu.

40 Ndinosimudza ruoko rwangu kudenga ndichiti:
Zvirokwazvo, noupenyu hwangu husingaperi,
41 kana ndichirodza munondo wangu unopenya
uye ruoko rwangu rwaubata mukutonga,
ndichatsiva kuvavengi vangu
uye ndigotsiva vaya vanondivenga.
42 Ndichaita kuti miseve yangu idhakwe neropa ravo,
uye munondo wangu uchadya nyama:
ropa revakaurayiwa nevatapwa,
nemisoro yavatungamiri vavavengi vangu."

43 Farai, imi ndudzi, navanhu vake,
nokuti achatsiva ropa ravaranda vake;
achatsiva kuvavengi vake
agoyananisira nyika yake navanhu vake.
44 Mozisi akauya naJoshua mwanakomana waNuni uye akataura kwaari
mashoko ose aya orwiyo urwu vanhu vachinzwa. 45 Mozisi akati
apedza kutaura mashoko ose aya kuvaIsraeri vose, 46 akati kwavari,
"Isai mumwoyo menyu mashoko ose andakupupurirai nhasi, kuitira kuti
mugozorayira vana venyu kuti vachenjerere kuita mashoko ose omurayiro
uyu. 47 Haasi mashoko asina maturo kwamuri, asi kuti ndihwo upenyu
hwenyu. Namashoko aya muchararama mazuva mazhinji munyika
yamuri kuyambuka Jorodhani kuti muitore."

### *Kufa kwaMozisi paGomo reNebho*

48 Pazuva rimwe chetero Jehovha akataura kuna Mozisi akati, 49 "Kwira
kumakomo eAbharimu uende mugomo reNebho muMoabhu, riri mhiri
kweJeriko, ugoona nyika yeKenani, nyika yandiri kupa vaIsraeri kuti
ive yavo. 50 Ipapo pagomo pauchakwira ndipo pauchafira uye ugova
pamwe navanhu vako, sokufa kwakaita mukoma wako Aroni akafira
paGomo reHori uye akava navanhu vake. 51 Izvi zvakaitika nokuti imi
muri vaviri hamuna kutendeka kwandiri pamberi pavaIsraeri pamvura
yeMeribha Kadheshi murenje reZini uye nokuti hamuna kusimudzira
utsvene hwangu pakati pavaIsraeri. 52 Naizvozvo, uchaona nyika iyi uri
chinhambwe; asi haungapindi munyika yandiri kupa kuvanhu veIsraeri."

## 33

### *Mozisi Anoropafadza Marudzi*

1 Uku ndiko kuropafadza kwaMozisi munhu waMwari kwaakataura
kuvaIsraeri asati afa. 2 Akati:
"Jehovha akabva kuSinai
akavabudira samambakwedza achibva kuSeiri;
akapenya kubva paGomo reParani.
Akauya nezviuru gumi zvavatsvene kubva rutivi rwezasi,
kubva kumawere amakomo ake.
3 Zvirokwazvo ndimi makada vanhu;
vatsvene vose vari muruoko rwenyu.
Patsoka dzenyu vose vanopfugama,
uye kubva kwamuri vanogamuchira kurayirwa,
4 murayiro watakapiwa naMozisi,
nhaka yeungano yaJakobho.
5 Akanga ari mambo weJeshuruni

vatungamiriri vavanhu pavakanga vakaungana,
pamwe chete namarudzi aIsraeri.

6 “Rubheni ngaararame arege kufa,
uye vanhu vake ngavarege kuva vashoma.”
7 Uye izvi ndizvo zvaakataura pamusoro paJudha:
“Inzwai, imi Jehovha, kuchema kwaJudha;
muuyisei kuvanhu vake.
Namaoko ake acharwira mhaka yake.
Haiwa, ivai mubatsiri wake pavavengi vake!”
8 Pamusoro paRevhi akati,
“Tumimi yenyu neUrimi yenyu
ndezvomunhu wamunoda.
Makamuedza paMasa;
makarwa naye pamvura dzeMeribha.
9 Akati pamusoro pababa namai vake,
‘Handivakudzi.’
Haana kurangarira hama dzake
kana kuziva vana vake,
asi akava mutariri weshoko renyu
akachengetedza sungano yenyu.
10 Anodzidzisa mitemo yenyu kuna Jakobho
uye nemirayiro kuna Israeri.
Achapa zvinonhuhwira pamberi penyu
nezvipiriso zvose zvinopiswa paaritari yenyu.
11 Ropafadzai kubata kwake kwose, imi Jehovha,
mugofadzwa namabasa amaoko ake.
Paradzai zviuno zvaavo vanomumukira:
rovai vavengi vake kusvikira vasisamukizve.”
12 Pamusoro paBhenjamini akati:
“Regai mudikanwa waJehovha agare norugare maari,
nokuti anomudzivirira zuva rose,
uye regai uyo anodikanwa naJehovha agare pakati pamapfudzi ake.”
13 Pamusoro paJosefa akati:
“Jehovha ngaaropafadze nyika yake
nedova rinokosha rokudenga kumusoro
nemvura zhinji dzakadzika dziri pasi;
14 nezvakanakisisa zvinouyiswa nezuva
uye zvakaisvonaka zvinopiwa nomwedzi;
15 nezvipo zvakanakisisa zvokumakomo ekare
uye nezvibereko zvemakomo okusingaperi;
16 nezvipo zvakanakisisa zvenyika nokuzara kwayo
uye nenyasha dzake iye anogara mugwenzi rinopfuta.
Zvose ngazvigare pamusoro waJosefa,
pahuma yomuchinda pakati pehama dzake.
17 Muumambo hwake anoita semhongora yenzombe;
nyanga dzake dzakaita senyanga dzenyati.
Nadzo achatunga ndudzi,
kunyange vaya vari kumagumo enyika.
Ava ndivo zviuru zvaManase.”
18 Pamusoro paZebhuruni akati:
“Fara, iwe Zebhuruni, pakubuda kwako,

newe Isakari mumatende ako.
19 Vachadanira vanhu kumakomo
uye ikoko vagopa zvibayiro zvokururama;
vachaguta nezvizhinji zvamakungwa,
nepfuma yakavigwa mujecha.”
20 Pamusoro paGadhi akati:
“Ngaaropafadzwe iye anokurisa nyika yaGadhi!
Gadhi anogaramo seshumba,
achibvambura ruoko kana musoro.
21 Akazvisarudzira nyika yakanakisisa;
mugove womutungamiri waakachengeterwa iye.
Vakuru vavanhu pavakaungana,
iye akaita kuda kwaJehovha kwakarurama,
uye nokutonga kwake pamusoro paIsraeri.”
22 Pamusoro paDhani akati:
“Dhani mwana weshumba,
anokwakuka achibva muBhashani.”
23 Pamusoro paNafutari akati:
“Nafutari azere nenyasha dzaJehovha
uye azere kuropafadza kwake:
achatora nhaka nechezasi kugungwa.”
24 Pamusoro paAsheri akati:
“Akaropafadzwa kupfuura vanakomana vose ndiAsheri:
ngaadikanwe nehama dzake,
uye ngaashambe tsoka dzake mumafuta.
25 Zvipfigiso zvemasuo ako zvichava zvesimbi nendarira,
uye simba rako richafanana namazuva ako.

26 “Hapana akafanana naMwari waJeshuruni,
iye anotasva denga kuti akubatsire
uye namakore muumambo hwake.
27 Mwari anogara nokusingaperi ndiye utiziro hwako,
uye pasi pake pane maoko anogara nokusingaperi.
Achadzinga vavengi vako kubva pamberi pako,
achiti, ‘Muparadzei!’
28 Naizvozvo Israeri achagara murugare oga;
tsime raJakobho rakachengetedzeka
munyika yezviyo newaini itsva,
ndiko kunodonhedzerwa dova nedenga.
29 Wakaropafadzwa, iwe Israeri!
Ndiani akafanana newe,
rudzi rwakaponeswa naJehovha?
Ndiye nhoo nomubatsiri wako uye
nomunondo wako unobwinya.
Vavengi vako vachazviisa pasi pako,
uye iwe uchatsika-tsika nzvimbo dzavo dzakakwirira.”

# 34

*Kufa kwaMozisi*

1 Ipapo Mozisi akakwira mugomo reNebho kubva pamapani aMoabhu
kusvika pamusoro pePisiga, mhiri uchibva kuJeriko. Ipapo Jehovha
akamuratidza nyika yose, kubva kuGireadhi kusvika kuDhani. 2 Nafutari

yose, nenyika yaEfuremu naManase, nenyika yose yaJudha zvichibva
nechokugungwa rokumavirira, 3 Negevhi uye dunhu rose zvichibvira
kuMupata weJeriko. Neguta remichindwe, kusvika kuZoari. 4 Ipapo
Jehovha akati kwaari, "Iyi ndiyo nyika yandakavimbisa nemhiko kuna
Abhurahama, Isaka naJakobho pandakati, 'Ndichaipa kuzvizvarwa zvako.'
Ndakuita kuti uione nameso ako, asi haungayambuki mhiri kuti upinde
mairi."

5 Zvino Mozisi muranda waJehovha akafira ipapo munyika yaMoabhu,
sezvakanga zvataurwa naJehovha. 6 Akamuviga muMoabhu, mumupata
wakatarisana neBheti Peori, kusvikira nanhasi hapana anoziva pane guva
rake. 7 Mozisi akanga ava namakore zana namakumi maviri panguva
yaakafa, asi kunyange zvakadaro, meso ake akanga achigere kuonera
madzerere uye simba rake rakanga richigere kuderera. 8 VaIsraeri
vakachema Mozisi pamapani eMoabhu kwamazuva makumi matatu,
kusvikira mazuva okuchema nokuungudza apera.

9 Zvino Joshua mwanakomana waNuni akanga azere nomweya
wouchenjeri nokuti Mozisi akanga aisa maoko ake pamusoro pake. Saka
naizvozvo vaIsraeri vakamuteerera uye vakaita zvakanga zvarayirwa
Mozisi naJehovha.

10 Kubva ipapo hakuna kuzomukazve muprofita muIsraeri akafanana
naMozisi, uyo akazivana naJehovha chiso nechiso, 11 uyo akaita zviratidzo
nezvishamiso zvaakatumwa naJehovha kuti aite muIjipiti, kuna Faro
nokumachinda ake nokunyika yake yose. 12 Nokuti hapanazve mumwe
akaratidza simba guru kana akaitazve mabasa anotyisa seayo akaitwa
naMozisi pamberi pavaIsraeri vose.

# JOSHUA

*Jehovha anorayira Joshua*
1 Zvino shure kwokufa kwaMozisi muranda waJehovha, Jehovha
akataura naJoshua mwanakomana waNuni, muranda waMozisi achiti,
2 "Mozisi muranda wangu afa. Zvino iwe navanhu ava chigadzirirai
kuyambuka rwizi rweJorodhani mupinde munyika yandava kupa vana
vaIsraeri. 3 Ndakupai nzvimbo yose yose yamuchatsika netsoka dzenyu,
sezvandakavimbisa Mozisi. 4 Nyika yenyu ichabva kugwenga ichisvika
kuRebhanoni, uye ichabva kurwizi rukuru, Yufuratesi, nenyika yose
yavaHiti, ichisvika kuGungwa Guru riri kumavirazuva. 5 Hakuna achag-
ona kurwisana newe kwamazuva ose oupenyu hwako. Sezvandaiva
naMozisi, ndichava newe; handizokusiyi kana kukurasa.
6 "Simba utsunge mwoyo, nokuti uchatungamirira vanhu ava kuti
vatore nyika yandakapikira madzitateguru avo kuti ndivape senhaka
yavo. 7 Simba ushinge kwazvo. Chenjerera kuti uteerere mirayiro
yose yawakapiwa naMozisi muranda wangu; usatsaukira kurudyi kana
kuruboshwe, kuti ubudirire kwose kwose kwaunoenda. 8 Bhuku iri
romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako; fungisisa pamusoro paro
usiku namasikati, kuti uchenjerere kuita zvose zvakanyorwa mariri uye
ipapo uchabudirira kwazvo. 9 Handina kukurayira here? Simba utsunge
mwoyo. Usavhunduka; usaora mwoyo, nokuti Jehovha Mwari wako
achava newe kwose kwaunoenda."
10 Ipapo Joshua akarayira vatungamiri vavanhu achiti, 11 "Pindai
mumusasa mutaurire vanhu kuti, 'Gadzirirai mbuva yenyu. Mukati
memazuva matatu muchayambuka Jorodhani urwu kuti mupinde mutore
nyika yamunopiwa naJehovha Mwari wenyu kuti ive yenyu.' "
12 Uye Joshua akati kurudzi rwaRubheni, norudzi rwaGadhi nokuhafu
yorudzi rwaManase, 13 "Rangarirai shoko ramakapiwa naMozisi muranda
waJehovha achiti: 'Jehovha Mwari wenyu anokupai zororo uye akupai
nyika iyi.' 14 Vakadzi venyu, vana venyu nezvipfuwo zvenyu zvichasara
munyika yamakapiwa naMozisi kudivi rino reJorodhani, asi varume
venyu vose vehondo, vakabata zvombo, vanofanira kuyambukira mhiri
mberi kwehama dzenyu. Munofanira kubatsira hama dzenyu 15 kusvikira
Jehovha avapa zororo, sezvaakakuitirai, uye kusvikira vatorawo nyika
yavari kupiwa naJehovha Mwari wavo. Mushure maizvozvo, munogona
kudzokera munogara munyika yenyu, yamakapiwa naMozisi muranda
waJehovha iri kumabvazuva kweJorodhani."
16 Ipapo vakapindura Joshua vachiti, "Chipi nechipi chamuchatirayira
tichaita, uye kwose kwose kwamuchatituma tichaenda. 17 Tichakuteererai
zvizere sokuteerera kwatakaita Mozisi. Chete, Jehovha Mwari wenyu
ngaave nemi sezvaaiva naMozisi. 18 Ani naani achamukira shoko renyu
uye asingateereri mashoko enyu, kana chipi nechipi chamungavarayira,
achaurayiwa. Asi simbai mutsunge mwoyo!"

## 2

*Rahabhi naVasori*
1 Zvino Joshua mwanakomana waNuni akatuma vasori vaviri
muchivande kubva kuShitimu. Akati, "Endai munotarisa nyika, kunyanya

Jeriko." Naizvozvo vakaenda vakandopinda mumba mechifeve chainzi
Rahabhi vakagaramo.

2 Zvino mambo weJeriko akaudzwa kuti, "Tarirai! Kune vamwe
vaIsraeri vauya muno manheru anhasi kuzosora nyika." 3 Naizvozvo
mambo weJeriko akatumira shoko kuna Rahabhi achiti, "Budisa varume
vauya kwauri vakapinda mumba mako, nokuti vauya kuzosora nyika
yose."

4 Asi mukadzi uyu akanga atora varume vaviri vaya akavavanza.
Iye ndokuti, "Ichokwadi, varume ava vakauya kwandiri, asi handina
kuziva kuti vakanga vabvepi. 5 Zvino kwati zvarara yava nguva
yokupfiga suo reguta, varume ava vakaenda. Handizivi kuti vakaenda
vakanangepi. Vateverei nokukurumidza, pamwe mungangovabata." 6 (Asi
iye akanga avatora ndokuvaisa pamusoro pemba ndokuvavanza mu-
mashanga aakanga aunganidza pamusoro pemba.) 7 Naizvozvo varume
vakasimuka votevera vasori nenzira yainanga kumazambuko eJorodhani,
uye vaitevera vachangobuda, suo rakabva rapfigwa.

8 Vasori vasati varara, iye akakwira padenga remba, 9 ndokuti kwavari,
"Ndinozviziva kuti Jehovha akupai nyika ino, uye kuti kutyiwa kwenyu
kukuru kuri pamusoro pedu, zvokuti vose vanogara munyika muno
vari kubvunda nokutya nokuda kwenyu. 10 Takanzwa maomeserwo
akaitwa mvura yeGungwa Dzvuku naJehovha nokuda kwenyu pamak-
abuda muIjipiti, uye zvamakaita kuna Sihoni naOgi, madzimambo maviri
avaAmori kumabvazuva kweJorodhani, avo vamakaparadza zvachose.
11 Patakazvinzwa mwoyo yedu yakarukutika, uye hapana akasara nokut-
sunga maari nokuda kwenyu, nokuti Jehovha Mwari wenyu ndiMwari
kumusoro kudenga napasi panyika. 12 Zvino ndapota, pikai kwandiri na-
Jehovha kuti muchaitira mhuri yangu tsitsi, nokuti ini ndakuitiraiwo tsitsi.
Ndipei chiratidzo chechokwadi chakasimba 13 chokuti muchararamisa
baba vangu namai vangu, hanzvadzi dzangu namadzikoma angu, nemhuri
dzavo dzose, uye kuti muchatiponesa kubva parufu."

14 Ipapo varume vaya vakamuvimbisa vachiti, "Isu ngatife pach-
inzvimbo chenyu. Kana ukasareva zvatiri kuita tichakubata zvakanaka
nokutendeka kana Jehovha atipa nyika ino."

15 Saka akavadzikisa pasi netambo napawindo, nokuti imba yaaigara
yaiva mumasvingo eguta. 16 Zvino akati kwavari, "Endai kumakomo
kuitira kuti vateveri varege kukuwanai. Muvande ikoko kwamazuva
matatu kusvikira vadzoka, mozoenda henyu nenzira yenyu."

17 Varume vaya ndokuti kwaari, "Mhiko yawatipikisa iyi haizotisungi
18 kunze kwokuti, patinopinda munyika, uchange wasungirira tambo
tsvuku iyi pawindo rawatidzikisa naro, uye kunze kwokunge wapinza
baba vako namai vako, hanzvadzi dzako nemhuri yako yose mumba mako.
19 Ani naani anobuda mumba mako achienda panze, ropa rake richava
pamusoro wake, isu hatizova nemhosva. Asi wose anenge ari mumba
pamwe chete newe, ropa rake richava pamisoro yedu kana pakangowana
anomubata chete. 20 Asi ukangoreva zvatiri kuita, tichasunungurwa
pamhiko yawatipikisa."

21 Iye akapindura akati, "Ngazviitwe sokutaura kwenyu." Naizvozvo
akavati vaende ivo ndokuenda. Ipapo akabva asungirira tambo tsvuku
pawindo.

22 Pavakabva, vakaenda mumakomo vakagaramo kwamazuva matatu,
kusvikira vateveri vatsvaka nzira yose vakavashayiwa vakadzoka.

23 Ipapo varume vaviri vaya vakatanga kudzokera. Vakadzika kubva
muzvikomo ndokuyambuka rwizi vakasvika kuna Joshua mwanakomana
waNuni vakamuudza zvose zvakanga zvaitika kwavari. 24 Vakati kuna
Joshua, "Zvirokwazvo Jehovha aisa nyika yose mumaoko edu; vanhu vose
vari kugwagwadza nokutitya."

# 3

*VaIsraeri vanoyambuka Jorodhani*

1 Mangwanani-ngwanani Joshua navaIsraeri vose vakasimuka kubva
paShitimu vakaenda kuJorodhani, pavakavaka misasa vasati vayambukira
mhiri. 2 Shure kwamazuva matatu vatungamiri vavanhu vakapinda
mumisasa, 3 vachirayira vanhu vachiti, "Pamunoona areka yesungano ya-
Jehovha Mwari wenyu, navaprista, vaRevhi, voitakura, munofanira kubva
panzvimbo dzenyu moitevera. 4 Ipapo muchaziva nzira yamunofanira
kuenda nayo, nokuti hamusati mambofamba nenzira iyi. Asi munofanira
kusiya nzvimbo inosvika makubhiti zviuru zviviri* pakati penyu neareka.
Regai kuswedera pedyo nayo."

5 Zvino Joshua akati kuvanhu, "Zvinatsei, nokuti mangwana Jehovha
achaita zvinhu zvinoshamisa pakati penyu."

6 Joshua akati kuvaprista, "Simudzai areka yesungano mutungamirire
vanhu." Naizvozvo vakaisimudza vakatungamirira vanhu.

7 Zvino Jehovha akati kuna Joshua, "Nhasi ndichatanga kukusimudzira
pamberi pavaIsraeri vose, kuitira kuti vazive kuti ndinewe sezvandaiva
naMozisi. 8 Taurira vaprista vanotakura areka yesungano uti: 'Kana
masvika panotangira mvura yeJorodhani, munofanira kupinda momira
muJorodhani.' "

9 Joshua akati kuvaIsraeri, "Uyai pano muteerere mashoko aJehovha
Mwari wenyu. 10 Ichi ndicho chinhu chamuchaziva nacho kuti Mwari
wenyu mupenyu ari pakati penyu uye kuti zvirokwazvo achadzinga
vaKenani mberi kwenyu, navaHiti, navaPerizi, navaGirigashi, navaAmoni
navaJebhusi. 11 Tarirai, areka yesungano yaShe wenyika yose ichaku-
tungamirirai pakuyambuka Jorodhani. 12 Naizvozvo, sarudzai varume
gumi navaviri kubva kumarudzi avaIsraeri, mumwe chete kubva kurudzi
rumwe norumwe. 13 Uye vaprista vanotakura areka yaJehovha, Ishe
wenyika yose, pavanongotsika netsoka dzavo muJorodhani, mvura yarwo
inoerera ichibva kumusoro ichamira yoita murwi."

14 Naizvozvo vanhu pavakasimuka kubva pamisasa kuti vayam-
buke Jorodhani, vaprista vakanga vakatakura areka yesungano vaka-
vatungamirira. 15 Zvino Jorodhani runogara ruzere nguva yose yokuko-
hwa. Asi vaprista vakanga vakatakura areka pavakangosvika paJorod-
hani tsoka dzavo dzichitsika kumucheto kwemvura, 16 mvura yaibva
kumusoro yakabva yamira kuerera. Yakaungana ikaita murwi iri kure
chaizvo, paguta rinonzi Adhama pedyo neZaretani, mvura yaiererawo
ichidzika kuGungwa reArabha (Gungwa roMunyu) yakagurwa zvachose.
Naizvozvo vanhu vakayambuka mhiri kwakatarisana neJeriko. 17 Vaprista
vakanga vakatakura areka yesungano yaJehovha vakaramba vamire
pavhu rakaoma pakati peJorodhani, vaIsraeri vose pavaipfuura, kusvikira
rudzi rwose rwapedza kuyambuka napavhu rakaoma.

* **3:4** 3:4 mamita angaita 900

# 4

### *Matombo Gumi Namaviri anomiswa paGirigari*

1 Rudzi rwose parwakapedza kuyambuka Jorodhani, Jehovha akati kuna
Joshua, 2 "Sarudza varume gumi navaviri kubva pakati pavanhu, mumwe
chete parudzi rumwe norumwe, 3 Ugovaudza kuti vatore mabwe gumi
namaviri kubva pakati peJorodhani panga pakamira vaprista chaipo,
mugoatakura mugoaisa pamunorara nhasi manheru."
4 Saka Joshua akadaidza varume gumi navaviri vaakanga asarudza
kubva kuvaIsraeri, mumwe chete kubva kurudzi rumwe norumwe,
5 Akati kwavari, "Endai pamberi peareka yaJehovha mupinde pakati
peJorodhani. Mumwe nomumwe wenyu anofanira kutakura dombo
pafudzi pake zvichienderana nokuwanda kwamarudzi avaIsraeri, 6 kuti
ave chiratidzo pakati penyu. Mumazuva anotevera kana vana venyu
vobvunza vachiti, 'Ko, matombo aya anorevei?' 7 muvataurire kuti
mvura yeJorodhani yaiyerera yakaganhurwa pamberi peareka yesungano
yaJehovha. Pavakayambuka Jorodhani, mvura yeJorodhani yakagan-
hurwa. Matombo aya anofanira kuva chirangaridzo kuvanhu veIsraeri
nokusingaperi."
8 Saka vaIsraeri vakaita sezvavakarayirwa naJoshua. Vakatora matombo
gumi namaviri kubva pakati peJorodhani, aienderana nokuwanda
kwamarudzi avaIsraeri, sezvakanga zvataurirwa Joshua naJehovha;
vakaatakura vakaenda nawo kumisasa yavo kwavakanoaisa pasi. 9 Joshua
akamisa matombo gumi namaviri akanga ari pakati peJorodhani pakanga
pakamira vaprista vakanga vakatakura areka yesungano. Uye achiripo
nanhasi uno.
10 Vaprista vakanga vakatakura areka vakaramba vakamira pakati
peJorodhani kusvikira zvose zvakanga zvarayirwa Joshua naJehovha
zvaitwa navanhu, sokurayirwa kwakanga kwaitwa Joshua naMozisi.
Vanhu vakakurumidza kuyambuka 11 uye vose vachangoyambuka, areka
yaJehovha navaprista vakayambukawo vanhu vakavatarisa. 12 Varume
vokwaRubheni nevokwaGadhi nehafu yorudzi rwaManase vakayambuka,
vakatakura zvombo zvokurwa nazvo, pamberi pavaIsraeri, sokurayirwa
kwavakanga vaitwa naMozisi. 13 Vanenge zviuru makumi mana vakanga
vakatakura zvombo zvokurwa nazvo, vakayambukira mhiri pamberi
paJehovha vakaenda kumapani eJeriko kundorwa.
14 Pazuva iroro Jehovha akasimudzira Joshua pamberi pavaIsraeri
vose; vakamuremekedza mazuva ose oupenyu hwake sokuremekedza
kwavakanga vaita Mozisi.
15 Zvino Jehovha akati kuna Joshua, 16 "Rayira vaprista vakatakura areka
yeChipupuriro kuti vabude kubva muJorodhani."
17 Saka Joshua akarayira vaprista achiti, "Budai muJorodhani."
18 Zvino vaprista vakanga vakatakura areka yesungano yaJehovha
vachangobuda kubva pakati peJorodhani, tsoka dzavo dzichangotsika
ivhu rakaoma, mvura yeJorodhani yakadzokera panzvimbo yayo ikazara
kusvika nokumahombekombe ose.
19 Pazuva regumi romwedzi wokutanga, vanhu vakabuda kubva
muJorodhani vakavaka misasa paGirigari pamuganhu wokumabvazuva
eJeriko. 20 Zvino Joshua akamisa matombo gumi namaviri paGirigari
avakanga vatora kubva muJorodhani. 21 Akati kuvaIsraeri, "Mumazuva
anotevera kana vana venyu vobvunza madzibaba avo vachiti, 'Ko,
matombo aya anorevei?' 22 muvataurire kuti, 'Israeri yakayambuka

Jorodhani pavhu rakaoma.’ 23 Nokuti Jehovha Mwari wenyu akaomesa
Jorodhani pamberi penyu kusvikira mayambuka. Jehovha Mwari wenyu
akaita kuJorodhani sezvaakaita kuGungwa Dzvuku paakariomesa pam-
beri pedu kusvikira tayambuka. 24 Akaita izvi kuitira kuti ndudzi dzose
dzapanyika dzizive kuti ruoko rwaJehovha rune simba uye kuti vatye
Jehovha Mwari wenyu nokusingaperi.”

# 5

*Kudzingiswa paGirigari*

1 Zvino madzimambo ose avaAmoni aigara kumavirazuva eJorodhani
namadzimambo ose avaKenani vaigara pedyo negungwa vakanzwa
kuti Jehovha akanga aomesa Jorodhani pamberi pavaIsraeri kusvikira
vayambuka, mwoyo yavo yakarukutika vakasazova nokushinga nokuda
kwavaIsraeri.

2 Panguva iyoyo Jehovha akataura naJoshua akati, “Gadzira mapanga
amatombo anopinza ugodzingisa vaIsraeri zvakare.” 3 Naizvozvo Joshua
akagadzira mapanga amatombo akadzingisa vaIsraeri paGibhea Hararoti
(chikomo chezvikanda zvepamberi).

4 Joshua akavadzingisa nokuda kwechikonzero ichi: Varume vose
vakabuda muIjipiti, varume vezera rehondo, vakafira munzira mug-
wenga mushure mokubuda muIjipiti. 5 Vanhu vose vakabuda vakanga
vadzingiswa asi vose vakaberekerwa mugwenga vachibva kuIjipiti
vakanga vasina. 6 VaIsraeri vakanga vafamba mugwenga kwamakore
makumi mana kusvikira varume vose vaiva vezera rehondo pavakabuda
muIjipiti vafa, nokuti vakanga vasina kuteerera Jehovha. Nokuti Jehovha
akanga apika kwavari kuti havaizoona nyika iyo yaakanga avimbisa
madzitateguru avo kuti achatipa, nyika inoerera mukaka nouchi. 7 Zvino
akasimudza vanakomana vavo pachinzvimbo chavo, uye ivava ndivo
vakanga vasati vadzingiswa naJoshua. Vakanga vasati vadzingiswa nokuti
havana kunge vadzingiswa munzira. 8 Shure kwokunge rudzi rwose
rwadzingiswa, vakagara pavakanga vari pamisasa kusvikira vapora.

9 Zvino Jehovha akati kuna Joshua, “Nhasi ndabvisa kuzvidzwa kweIjip-
iti pamuri.” Saka nzvimbo iyoyo yakanzi Girigari, kusvikira nanhasi.

10 Madekwana ezuva regumi namana romwedzi, vaIsraeri vari pamisasa
paGirigari pamapani eJeriko, vakapemberera Pasika. 11 Zuva raitevera
shure kwePasika, musi wacho chaiwo, vakadya zvimwe zvezvibereko
zvenyika iyoyo: chingwa chisina mbiriso nezviyo zvakakangwa. 12 Mana
yakabva yaguma musi wakatevera shure kwokudya zvokudya zvenyika
iyoyo; vaIsraeri havana kuzova nemanazve, asi vakadya zvibereko
zvenyika yeKenani gore iroro.

*Kuwa kweJeriko*

13 Zvino Joshua akati ava pedyo neJeriko, akasimudza meso ake
akaona murume amire pamberi pake akabata munondo wakavhomorwa
muruoko rwake. Joshua akaenda kwaari akabvunza achiti, “Uri mumwe
wedu here kana wavavengi vedu?”

14 Iye akapindura achiti, “Kwete, asi ndauya ini mukuru wehondo
yaJehovha.” Ipapo Joshua akawira pasi nechiso chake akanamata, uye
akamubvunza achiti, “Ishe wangu, mune shoko reiko kumuranda wenyu?”

15 Mukuru wehondo yaJehovha akapindura achiti, “Bvisa shangu
dzako mutsoka dzako nokuti nzvimbo yaumire itsvene.” Joshua akaita
saizvozvo.

# 6

1 Zvino guta reJeriko rakanga rapfigwa zvakasimba kwazvo nokuda kwavaIsraeri. Hapana akabuda kunze uye hapana akapinda mukati.

2 Zvino Jehovha akati kuna Joshua, "Tarira, ndaisa Jeriko mumaoko
ako, pamwe chete namambo waro navarume varo vehondo. 3 Fambai
mutenderere guta kamwe chete pamwe navarume vose vehondo. Muite
izvi kwamazuva matanhatu. 4 Ngapave navaprista vanomwe vano-
takura hwamanda dzenyanga dzamakondobwe pamberi peareka. Pazuva
rechinomwe fambai muchitenderera guta kanomwe, vaprista vachiridza
hwamanda. 5 Kana mukazovanzwa varidza hwamanda kwenguva refu,
vanhu vose vanofanira kudanidzira zvikuru; ipapo rusvingo rweguta
ruchakoromoka, vanhu vagopinda, mumwe nomumwe pakanangana
naye."

6 Saka Joshua mwanakomana waNuni akadana vaprista akati kwavari,
"Takurai areka yesungano yaJehovha uye vaprista vanomwe ngavatakure
hwamanda pamberi pavo." 7 Akarayira vanhu akati, "Endai mberi!
Fambai muchipoterera guta, varume vakatakura zvombo zvokurwa nazvo
vaende mberi kweareka yaJehovha."

8 Joshua paakapedza kutaura navanhu, vaprista vanomwe vakatakura
hwamanda nomwe pamberi paJehovha vakaenda pamberi, vachiridza
hwamanda dzavo, areka yesungano yaJehovha ikavatevera. 9 Vakanga
vakatakura zvombo zvokurwa nazvo vakafamba mberi kwavaprista
vairidza hwamanda, navarindi veshure vakatevera areka. Nguva
yose iyi hwamanda dzairira. 10 Asi Joshua akanga arayira vanhu
achiti, "Musadanidzira, musasimudzira manzwi enyu, musamboti bufu
kusvikira zuva randinokuudzai kuti mudanidzire, ipapo ndipo pamuno-
zodanidzira!" 11 Naizvozvo akarayira kuti areka yaJehovha itakurwe
ipoterere guta, iripoterere kamwe chete. Ipapo vanhu vakadzokera
kumisasa vakararako.

12 Joshua akamuka rungwanangwana zuva raitevera vaprista ndoku-
takura areka yaJehovha. 13 Vaprista vanomwe vakatakura hwamanda
nomwe vakaenda pamberi, vakafamba pamberi peareka yaJehovha
vachiridza hwamanda. Varume vakanga vakatakura zvombo zvokurwa
nazvo vakavatungamirira uye varindi veshure vakatevera areka ya-
Jehovha, hwamanda dzichingoridzwa. 14 Naizvozvo pazuva rechipiri
vakafamba vachipoteredza guta kamwe chete vakadzokera kumisasa.
Vakaita izvi kwamazuva matanhatu.

15 Pazuva rechinomwe, vakamuka mambakwedza vakafamba
vachipoteredza guta kanomwe nenzira imwe chete, asi musi uyu
vakapoterera guta kanomwe. 16 Panguva yechinomwe, vaprista
pavakaridza hwamanda, Joshua akarayira vanhu achiti, "Danidzirai!
Nokuti Jehovha akupai guta! 17 Guta nezvose zviri mariri rinofanira
kupiwa kuna Jehovha. Asi Rahabhi chifeve bedzi navose vaainavo
mumba make ndivo vachasiyiwa, nokuti akavanza vasori vatakatuma.
18 Asi imi musaswedera pazvinhu zvakatukwa, kuti murege kuzviunzira
kuparara, nokutora kana chimwe chazvo. Dzimwe nguva mungaunza
kuparara pamusasa weIsraeri mukaipinza padambudziko. 19 Sirivha yose
negoridhe nemidziyo yendarira neyesimbi zvakatsaurirwa Jehovha uye
zvinofanira kuiswa munochengeterwa pfuma yake."

20 Hwamanda padzakarira, vanhu vakadanidzira, uye pakurira kwe-
hwamanda, vanhu pavakadanidzira zvikuru, rusvingo rwakakoromoka;

naizvozvo murume mumwe nomumwe akamhanya achipinda napakanga
pakanangana naye, vachibva vatora guta. 21 Vakapa guta kuna Jehovha
kuti riparadzwe nomunondo, chipi nechipi chairarama mariri, varume
navakadzi, vaduku navakuru, mombe, makwai nembongoro.
22 Joshua akati kuvarume vaviri vakanga vasora nyika, "Pindai mumba
mechifeve mumubudise iye navose vokwake, sezvamakapika kwaari."
23 Naizvozvo majaya akanga asora akapindamo akabudisa Rahabhi, baba
vake namai vake nehanzvadzi dzake navose vokwake. Vakabudisa mhuri
yose vakavaisa kunze kwomusasa weIsraeri.
24 Ipapo vakabva vapisa guta rose nazvose zvaiva mariri, asi vakaisa
sirivha negoridhe nemidziyo yendarira neyesimbi munochengeterwa
pfuma yemba yaJehovha. 25 Asi Joshua akasiya Rahabhi chifeve, nemhuri
yake navose vokwake, nokuti akanga avanza varume vakatumwa na-
Joshua savasori kuJeriko, uye agere pakati pavaIsraeri nanhasi uno.
26 Panguva iyoyo Joshua akareva mhiko iyi achiti, "Ngaatukwe pamberi
paJehovha munhu achazoedza kuvakazve guta iri Jeriko:
"Acharasikirwa nomwanakomana wake
wedangwe paachaisa nheyo dzaro;
acharasikirwa negotwe rake
paachamisa masuo aro."
27 Naizvozvo Jehovha akava naJoshua, mbiri yake ikapararira nenyika
yose.

# 7

*Chivi chaAkani*

1 Asi vaIsraeri vakaita zvisina kutendeka pamusoro pezvinhu
zvakatukwa; Akani mwanakomana waKami, mwanakomana waZimiri,
mwanakomana waZera, worudzi rwaJudha, akatora zvimwe zvezvinhu
zvakatukwa. Naizvozvo hasha dzaJehovha dzakamukira vaIsraeri.
2 Zvino Joshua akatuma vanhu kubva kuJeriko kuenda kuAi, iri pedyo
neBheti Avheni kumabudazuva kweBheteri, akavaudza kuti, "Endai
munosora nzvimbo iyi." Naizvozvo varume vakaenda vakanosora Ai.
3 Pavakadzoka kuna Joshua, vakati, "Hazvifaniri kuti vanhu vose
vaende kundorwa neAi. Tumirai varume zviuru zviviri kana zvitatu
kuti vaitore, mugorega kunetsa vanhu vose ava, nokuti ikoko kuna
vanhu vashomanana chete." 4 Naizvozvo kwakaenda varume zviuru
zvitatu; asi vakamhanyiswa zvakaipisisa navarume veAi, 5 avo vakauraya
vaIsraeri makumi matatu navatanhatu vavo. Vakavadzinganisa kubva
pasuo reguta kusvikira kuShebharimu vakavaurayira pamawere, ipapo
mwoyo yavanhu yakanyongodeka ikaita semvura.
6 Zvino Joshua akabvarura nguo dzake akawira pasi nechiso chake
pamberi peareka yaJehovha akaramba aripo kusvikira madekwana.
Vakuru vavaIsraeri vakaitawo saizvozvo, vakadira guruva pamisoro yavo.
7 Zvino Joshua akati, "Haiwa! Ishe Jehovha, makamboyambutsirei vanhu
ava Jorodhani kuti mutiise mumaoko avaAmori kuti vatiparadze? Dai
takangogutsikana hedu takagara mhiri kweJorodhani! 8 Haiwa Ishe,
ndingatiiko zvino vaIsraeri zvavakundwa navavengi vavo? 9 VaKenani
navamwe vanhu vari munyika muno vachazvinzwa vagotikomberedza
nokubvisa zita redu pano pasi. Zvino muchagozoitei nezita renyu guru?"
10 Jehovha akati kuna Joshua, "Simuka! Wawireiko pasi nechiso chako?
11 VaIsraeri vatadza; vadarika sungano yangu, yandakavarayira kuti
vaichengete. Vatora zvimwe zvezvinhu zvakatukwa; vaba, vanyepa,

vazvivhenganisa nezvinhu zvavo. 12 Ndokusaka vaIsraeri vasingagoni
kumisidzana navavengi vavo; vanofuratira vachitiza nokuti vava vanhu
vakatukwa.
13 "Enda unonatsa vanhu. Uvataurire kuti, 'Zvinatsei muchigadzirira
zuva ramangwana; nokuti zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri: Chinhu
chakatukwa chiri pakati penyu, imi vaIsraeri. Hamungagoni kumisidzana
navavengi venyu kusvikira machibvisa.
14 " 'Zvino mangwana mangwanani, munofanira kuzviratidza rudzi
norudzi. Rudzi ruchabatwa naJehovha runofanira kuuya mberi imba
neimba; imba ichabatwa naJehovha inofanira kuuya mberi, mhuri
nemhuri; mhuri ichabatwa naJehovha inofanira kuuya mberi munhu
nomunhu. 15 Uyo achawanikwa ane zvinhu zvakatukwa achaparadzwa
nomoto, nazvose zvaanazvo. Akanganisa sungano yaJehovha uye aita
chinhu chinonyadzisa muIsraeri!' "
16 Mangwana mangwanani Joshua akati vaIsraeri vauye rudzi norudzi;
rudzi rwaJudha rukabatwa. 17 Dzimba dzokwaJudha dzakauya mberi
imba yavaZera ikabatwa. Akauyisa imba yavaZera nemhuri dzayo,
Zimiri akabatwa. 18 Joshua akauyisa mhuri yake munhu nomunhu, uye
Akani mwanakomana waKami, mwanakomana waZimiri, mwanakomana
waZera, worudzi rwaJudha, akabatwa.
19 Ipapo akati kuna Akani, "Mwanakomana wangu, ipa mbiri kuna
Jehovha, Mwari waIsraeri, ureurure kwaari. Ndiudze kuti chii chawaita;
usandivanzira."
20 Akani akapindura achiti, "Ichokwadi! Ndakatadzira Jehovha, Mwari
waIsraeri. Izvi ndizvo zvandakaita: 21 Pandakaona pakati pezvaka-
pambwa nguo yakanaka yokuBhabhironi, mashekeri mazana maviri*
esirivha negoridhe rairema mashekeri makumi mashanu†, ndakazvichiva
ndikazvitora. Zvakavigwa pasi mutende, sirivha iri pasi pazvo."
22 Naizvozvo Joshua akatuma nhume, vakamhanyira kutende,
vakanowana zviriko, zvakavigwa mutende rake, sirivha iri pasi.
23 Vakazvibvisa mutende, vakauya nazvo kuna Joshua nokuvaIsraeri
vose, vakazviwadzira pamberi paJehovha.
24 Ipapo Joshua, pamwe chete navaIsraeri vose vakatora Akani
mwanakomana waZera, nesirivha, nenguo, negoridhe, navanakomana
navanasikana vake, mombe dzake, nembongoro dzake namakwai ake,
netende rake nezvose zvaaiva nazvo, vakaenda nazvo kuMupata weAkori.
25 Joshua akati, "Watipinzireiko mudambudziko iri? Jehovha achakupinza
mudambudziko nhasi."
Ipapo vaIsraeri vose vakamutema namatombo, uye shure kwokuvatema
vose, vakavapisa nomoto. 26 Vakaunganidza murwi wamatombo mukuru
pamusoro paAkani, uchiripo nanhasi. Ipapo Jehovha akadzora kutsamwa
kwake kukuru. Naizvozvo nzvimbo iyi yakanzi Mupata weAkori kubvira
ipapo.

# 8

*Kuparadzwa kweguta reAi*

1 Zvino Jehovha akati kuna Joshua, "Usatya kana kuvhundutswa. Tora
varwi vose uende unorwisa Ai. Nokuti ndaisa mambo weAi, navanhu
vake, neguta rake nenyika yake mumaoko ako. 2 Munofanira kuita kuAi
namambo waro sezvamakaita kuJeriko namambo waro, kunze kwokuti

* **7:21** 7:21 makirogiramu angaita 2.3 † **7:21** 7:21 0.6 yekirogiramu

apa munofanira kuzvitakurira zvamunotapa zvavo nezvipfuwo. Muise vangavandira guta necheseri kwaro.”

3 Naizvozvo Joshua akasimuka nehondo yose kuti andorwisa Ai. Akasarudza mhare dzokurwa dzinokwana zviuru makumi matatu akava-
tuma usiku. 4 Akavarayira achiti, “Nyatsoteererai. Munofanira kuvandira guta necheseri kwaro. Musaende kure naro. Mose munofanira kugara
makagadzirira. 5 Ini navanhu vose vandinavo tichafamba takananga guta,
zvino kana varume vakauya kuti vazorwa nesu, sezvavakaita pakutanga,
tichavatiza. 6 Vachatidzinganisa kusvikira tavakwezvera kure neguta,
nokuti vachati, ‘Vari kutitiza sezvavakamboita pakutanga.’ Naizvozvo
kana tavatiza, 7 imi munofanira kusimuka kubva pamunenge makavanda
motora guta. Jehovha Mwari wenyu acharipa mumaoko enyu. 8 Kana
matora guta, ripisei nomoto. Muite zvamarayirwa naJehovha, tarirai, ndakurayirai.”

9 Ipapo Joshua akavatuma, vakaenda kunzvimbo yokunovandira vakagara pakati peBheteni neAi, kumavirazuva kweAi, asi Joshua akarara kuvanhu usiku ihwohwo.

10 Mangwana mangwanani Joshua akaronga vanhu, uye iye na-
vatungamiri veIsraeri vakafamba pamberi pavo vachienda kuAi. 11 Hondo
yose yaiva naye yakafamba vakaswedera pedyo neguta vakasvika nechemberi kwaro. Vakadzika musasa kumusoro kweAi, mupata uri pakati
pavo neguta. 12 Joshua akanga atora varume vangasvika zviuru zvishanu akavarayira kuti vavandire pakati peBheteri neAi, kumavirazuva kweguta.
13 Vakarayira varwi kuti vatore nzvimbo dzavo, vose vaiva mumusasa nechokumusoro kweguta navakanga vakavandira kumavirazuva kwaro. Usiku ihwohwo Joshua akapinda mumupata.

14 Zvino mambo weAi paakaona izvi, iye navarume vose veguta vakakurumidza kubuda mangwanani kuti vasangane navaIsraeri varwe panzvimbo yakanga yakatarisana neArabha. Asi haana kuziva kuti
akanga avandirwa seri kweguta. 15 Joshua navaIsraeri vose vakavarega vachivadzingirira vachidzokera shure, vakatiza vakananga kugwenga.
16 Varume vose veAi vakadaidzwa kuti vavadzingirire, uye vakadzingirira
Joshua vachibva vakwezvwa kubva kuguta. 17 Hapana murume kana mumwe akasara muAi kana muBheteri asina kudzingirira vaIsraeri. Vakasiya guta rakashama vakadzingirira vaIsraeri.

18 Ipapo Jehovha akati kuna Joshua, “Simudza pfumo rawakabata muruoko rwako urinongedzere kuAi, nokuti ndichaisa guta iri muruoko
rwako.” Naizvozvo Joshua akanongedzera pfumo rake kuAi. 19 Akati achangoita izvi varume vaiva vakavandira vakasimuka kubva panzvimbo dzavo nokukurumidza vakamhanya vachienda mberi. Vakapinda muguta vakaripamba ndokukurumidza kuritungidza nomoto.

20 Varume veAi vakacheuka vakaona utsi hweguta huchikwira kudenga, asi vakashayiwa pokupukunyuka napo kumativi ose, nokuti vaIsraeri
vakanga vachitizira kugwenga vakatendeukira vaivatevera. 21 Joshua
navaIsraeri vose pavakaona kuti vavandiri vakanga vatora guta uye utsi hwakanga huchikwira kubva muguta, vakatendeuka vakarwisa varume
veAi. 22 Varume vakanga vakavandira vakabudawo muguta kuzorwa navo, naizvozvo vakabva vaiswa pakati pavaIsraeri, vamwe nechokuno, vamwe nechokoko. VaIsraeri vakavauraya zvokusasiya kana mumwe
chete wavo ari mupenyu kana vakatiza. 23 Asi vakatora mambo weAi ari
mupenyu vakauya naye kuna Joshua.

24 VaIsraeri pavakapedza kuuraya varume vose veAi nomunondo ku-
sango nokurenje kwavakanga vavadzinganisira, uye mushure mokunge
mumwe nomumwe wavo aurayiwa nomunondo, vose vakadzokera kuAi
vakauraya vose vaivamo. 25 Zuva iroro kwakafa varume navakadzi
vaisvika zviuru gumi nezviviri, vanhu vose veAi. 26 Nokuti Joshua
haana kudzosa ruoko rwake rwakanga rwakasimudza pfumo kusvikira
aparadza vose vaigara muAi. 27 Asi vaIsraeri vakazvitorera zvipfuwo
nezvakapambwa muguta iri, sezvakanga zvarayirwa Joshua naJehovha.

28 Naizvozvo Joshua akapisa Ai akariita murwi, rikava dongo kusvika
nanhasi. 29 Akasungirira mambo weAi mumuti akamusiya kusvikira
manheru. Zuva rodoka, Joshua akavarayira kuti vaturure chitunha
chake mumuti vachikande pasi pasuo reguta. Vakaitawo murwi mukuru
wamatombo, uchiripo nanhasi.

### *Sungano inovandudzwa paGomo reEbhari*

30 Zvino Joshua akavakira Jehovha, Mwari waIsraeri, aritari pagomo
reEbhari, 31 sezvakanga zvarayirwa vaIsraeri naMozisi muranda waJe-
hovha. Akaivaka sezvazvakanyorwa muBhuku roMurayiro waMozisi.
Yakanga iri aritari yamabwe asina kuvezwa, hapana kumboshandiswa
mudziyo wesimbi pairi. Vakapa kuna Jehovha zvipiriso zvinopiswa
uye vakabayira zvipiriso zvokuwadzana pairi. 32 Zvino ipapo, pamberi
pavaIsraeri, Joshua akanyorazve pamabwe murayiro waMozisi, waakanga
ambonyora. 33 VaIsraeri vose navatorwa, navakuru vavo navatariri vavo,
navatongi vavo, vakanga vakamira kumativi maviri eareka yesungano
yaJehovha, vakatarisa avo vakanga vakaitakura, vaprista, vakanga vari
vaRevhi. Imwe hafu yavanhu yakanga yakamira pamberi pegomo
reGerizimu uye imwe hafu yakamira pamberi pegomo reEbhari, sez-
vakanga zvarayirwa naMozisi muranda waJehovha pakutanga paakati
vanhu veIsraeri varopafadzwe.

34 Mushure maizvozvo, Joshua akaverenga mashoko ose omurayiro,
maropafadzo nezvituko sokunyorwa kwazvakaitwa muBhuku roMu-
rayiro. 35 Hapana shoko kana rimwe pane zvose zvakanga zvarayirwa
naMozisi, risina kuverengerwa ungano yose yavaIsraeri naJoshua, kusan-
ganisira vakadzi navana, navatorwa vaigara pakati pavo.

## 9

### *VaIsraeri vanonyengedzwa navaGibheoni*

1 Zvino madzimambo ose aigara kumavirira kweJorodhani
navaiva munyika yamakomo, mujinga mamakomo kumadokero,
mumahombekombe ose eGungwa Guru kusvikira kuRebhanoni
(madzimambo avaHiti, navaAmori, navaKenani, navaPerizi, navaHivhi
navaJebhusi) vakanzwa nezvazvo. 2 Vakaungana pamwe chete kuti
varwisane naJoshua navaIsraeri.

3 Asi vanhu veGibheoni pavakanzwa zvakanga zvaitwa Jeriko neAi
naJoshua, 4 vakafunga zano: Vakaenda senhume nembongoro dzavo
dzakatakura masaga akasakara nehomwe dzewaini dzakasakara, dzakat-
semuka dzikasonanidzwazve. 5 Varume vakapfeka shangu dzakasakara.
Zvingwa zvose zvembuva yavo zvakanga zvakaoma nokuvhuvha. 6 Ipapo
vakaenda kuna Joshua mumusasa paGirigari ndokubva vati kwaari
nokuvarume veIsraeri, “Tabva kunyika iri kure; zvino itai sungano nesu.”

7 Zvino varume veIsraeri vakati kuvaHivhi, “Asi zvichida munogara
pedyo nesu. Tingagoita sungano nemi sei?”

8 Ivo ndokuti kuna Joshua, “Tiri varanda venyu.”

Asi Joshua akavabvunza achiti, “Ndimi vanaani uye munobvepi?”

9 Ivo vakati kwaari, “Varanda venyu vabva kunyika iri kure kure nokuda
kwomukurumbira waJehovha Mwari wenyu. Nokuti takanzwa nezvake:
zvose zvaakaita muIjipiti, 10 uye nezvose zvaakaita kumadzimambo maviri
avaAmoni kumabvazuva eJorodhani nokuna Sihoni mambo weHeshib-
honi, naOgi mambo weBhashani, aitonga muAshitaroti. 11 Zvino vakuru
vedu navagari vose vomunyika yedu vakati kwatiri, ‘Torai mbuva yer-
wendo rwenyu; muende munosangana navo muti kwavari, “Tiri varanda
venyu; itai sungano nesu.” ’ 12 Zvingwa zvedu izvi zvakanga zvichidziya
patakazvitora mudzimba dzedu zuva ratakasimuka tichiuya kuno. Asi
zvino chionai kuoma nokuvhuvha kwazvaita. 13 Uye homwe dzewaini
idzi dzaiva itsva patakadzizadza, asi chionai kubvaruka kwadzaita. Uye
mbatya dzedu neshangu dzedu zvasakara nokuda kworwendo rurefu
refu.”

14 Varume veIsraeri vakaravira mbuva yavo asi havana kubvunza
Jehovha. 15 Ipapo Joshua akaita sungano yorugare navo kuti vavarege
vari vapenyu, uye vakuru veungano vakaisimbisa nemhiko.

16 Zvino mushure mamazuva matatu vaita sungano navaGibheoni,
vaIsraeri vakanzwa kuti vakanga vari vavakidzani, vagere pedyo navo.
17 Naizvozvo vaIsraeri vakasimuka vakasvika mumaguta avo zuva rechi-
tatu: aiti Gibheoni, neKefira, neBheroti, neKiriati Jearimi. 18 Asi vaIsraeri
havana kuvarwisa, nokuti vakuru veungano vakanga vaita mhiko kwavari
naJehovha, Mwari waIsraeri.

Ungano yose yakapopotera vatungamiri, 19 asi vatungamiri vose
vakapindura vachiti, “Takapika kwavari naJehovha, Mwari waIsraeri,
zvino hatigoni kuita chinhu kwavari. 20 Izvi ndizvo zvatichaita kwavari:
Tichavarega vari vapenyu, kuitira kuti kutsamwa kwaMwari kurege kuti-
wira nokuda kwokuputsa mhiko yatakapika kwavari.” 21 Vakaenderera
mberi vachiti, “Varegei vari vapenyu, asi ngavave vatemi vehuni
navacheri vemvura veungano yose.” Naizvozvo zvakanga zvarehwa
navatungamiri zvakaitwa.

22 Ipapo Joshua akadana vaGibheoni akati kwavari, “Sei
makatinyengedza muchiti, ‘Tinogara kure kure nemi,’ asi imi muchigara
pedyo nesu? 23 Naizvozvo mava vanhu vakatukwa: Hamuchazofi
makarega kuva vatemi vehuni navacheri vemvura veimba yaMwari
wangu.”

24 Ivo vakapindura Joshua vachiti, “Varanda venyu vakanga vaudzwa
pachena kuti Jehovha Mwari wenyu akanga arayira Mozisi muranda
wake sei kuti akupei nyika yose nokuparadza vose vageremo pamberi
penyu. Naizvozvo taityira upenyu hwedu nokuda kwenyu, zvino ndicho
chikonzero takaita izvi. 25 Zvino tava mumaoko enyu. Itai kwatiri chero
zvamunoona zvakanaka uye zvakarurama.”

26 Naizvozvo Joshua akavaponesa kubva kuvaIsraeri, ivo vakasavauraya.
27 Zuva iroro Joshua akaita vaGibheoni vatemi vehuni navacheri vemvura
yeungano neyearitari yaJehovha panzvimbo yaizosarudzwa naJehovha.
Uye ndizvo zvavari kusvikira nanhasi.

# 10

*Zuva rinomira panzvimbo imwe chete*

1 Zvino Adhoni-Zedheki mambo weJerusarema akanzwa kuti Joshua
akanga atora Ai akariparadza zvachose, akaitira Ai namambo waro
sezvaakanga aitira Jeriko namambo wayo, uye kuti vanhu veGibheoni
vakanga vaita sungano yorugare navaIsraeri uye kuti vaigara pedyo
navo. 2 Iye navanhu vake vakavhundutswa kwazvo nazvo, nokuti
Gibheoni rakanga riri guta guru, rakaita serimwe ramaguta oumambo;
rakanga riri guru kupfuura Ai, uye varume varo vose vaiva mhare
pakurwa. 3 Naizvozvo Adhoni-Zedheki mambo weJerusarema akatuma
nhume kuna Hohani mambo weHebhuroni, nokuna Piramu mambo
weJarumuti, nokuna Jafia mambo weRakishi nokuna Dhebhiri mambo
weEgironi. 4 Akati, "Uyai kuno mundibatsire kurwisa Gibheoni, nokuti
vakaita sungano yorugare naJoshua navaIsraeri."

5 Ipapo madzimambo mashanu avaAmori, madzimambo eJerusarema,
neHebhuroni, neJarumuti, neRakishi neEgironi, vakaunganidza varwi
vavo. Vakaenda nehondo dzavo dzose vakavaka musasa pamberi
peGibheoni, vakairwisa.

6 Zvino vaGibheoni vakatuma nhume kuna Joshua kumusasa waiva
paGirigari, vachiti, "Musasiya henyu varanda venyu. Uyai kuno kwatiri
nokukurumidza muzotiponesa! Tibatsirei, nokuti madzimambo ose
avaAmori vanogara munyika yamakomo vaungana kuti vatirwise."

7 Naizvozvo Joshua akafamba achibva paGirigari, iye navarwi vose
vaaiva navo, navarume vose vesimba noumhare. 8 Jehovha akati kuna
Joshua, "Usavatya; ndavaisa mumaoko ako. Hapana kana mumwe wavo
achagona kumira pamberi pako."

9 Naizvozvo Joshua akavarwisa vasingafungiri, shure kwokunge afamba
achibva kuGirigari usiku hwose. 10 Zvino Jehovha akaita kuti vavhun-
duke pamberi pavaIsraeri, avo vakavauraya nokuuraya kukuru paGib-
heoni, vakavadzingirira nenzira inoenda kuBheti Horoni, vakavaparadza
kusvikira kuAzeka nokuMakedha. 11 Pavaitiza pamberi pavaIsraeri nen-
zira yaidzika kubva kuBheti Horoni ichienda kuAzeka, Jehovha akakanda
pamusoro pavo matombo makuru akanga achibva kudenga, vazhinji
vavo vakafa nechimvuramabwe kupfuura avo vakaurayiwa neminondo
yavaIsraeri.

12 Pazuva iro Jehovha akapa vaAmori kuvaIsraeri, Joshua akati kuna
Jehovha pamberi pavaIsraeri:
"Iwe zuva, mira pamusoro peGibheoni,
Iwe mwedzi, pamusoro pemupata weAijaroni."
13 Naizvozvo zuva rakamira,
nomwedziwo ukamira,
kusvikira rudzi rwatsiva vavengi varwo,
sezvazvakanyorwa muBhuku raJashari.

Zuva rakamira pakati pedenga rikanonoka kuvira kwenguva ingaita
zuva rose. 14 Hakuna kumboita zuva rakaita seiri nguva yakapfuura kana
yakatevera, pazuva iri Jehovha akateerera munhu. Zvirokwazvo Jehovha
akanga achirwira Israeri!

15 Ipapo Joshua akadzokera navaIsraeri vose kumusasa paGirigari.

*Madzimambo avaAmori mashanu anourayiwa*

16 Zvino madzimambo mashanu akanga atiza akandovanda mubako
rokuMakedha. 17 Joshua paakaudzwa kuti madzimambo mashanu aya

akanga awanikwa akavanda mubako paMakedha, [18] akati, "Kungurutsirai
matombo makuru pamuromo webako, mugoisa vamwe varume ipapo
kuti varichengete. [19] Asi musamira! Teverai vavengi venyu, muvarwise
necheshure kwavo uye musavarega vachisvika kumaguta avo, nokuti
Jehovha Mwari wenyu avapa mumaoko enyu."

[20] Naizvozvo Joshua navaIsraeri vakavaparadza zvachose, asi vashoma
vavo vakasara vakasvika kumaguta avo akavakirwa masvingo. [21] Ipapo
vanhu vose vakadzokera kuna Joshua kumusasa paMakedha norugare,
uye hapana kana mumwe akataura shoko pamusoro pavaIsraeri.

[22] Joshua akati, "Vhurai muromo webako mugondiigira madzimambo
mashanu aya." [23] Naizvozvo vakabudisa madzimambo mashanu aya
mubako, mambo weJerusarema, noweHebhuroni, noweJarumuti, now-
eRakishi noweEgironi. [24] Pavakauya namadzimambo aya kuna Joshua,
akadana varume vose veIsraeri akati kuvatungamiri vehondo vakanga
vauya naye, "Uyai pano muise tsoka dzenyu pamitsipa yamadzimambo
aya." Naizvozvo vakaenda mberi vakaisa tsoka dzavo pamitsipa yavo.

[25] Joshua akati kwavari, "Musatya; musaora mwoyo. Simbai mutsunge
mwoyo. Izvi ndizvo zvichaitwa naJehovha kuvavengi venyu vose va-
mucharwa navo." [26] Ipapo Joshua akavabaya akauraya madzimambo aya
ndokuvasungirira pamiti mishanu, uye vakasiyiwa vakarembera pamiti
kusvikira madekwana.

[27] Zuva rava kuvira Joshua akarayira vanhu vakavaturura mumiti
ndokuvakanda mubako mavakanga vambovanda. Vakaisa matombo
makuru pamuromo webako, ayo achiripo nanhasi.

[28] Musi iwoyo Joshua akatora Makedha. Akabayira guta namambo waro
nomunondo akaparadza zvachose vanhu vose vakanga varimo. Haana
kusiya vapenyu. Uye akaita kuna mambo weMakedha sezvaakaita kuna
mambo weJeriko.

### *Maguta eZasi anokundwa*

[29] Ipapo Joshua navaIsraeri vose vaakanga anavo vakafamba kubva
kuMakedha vakaenda kuRibhina ndokuirwisa. [30] Jehovha akapawo guta
iroro namambo waro muruoko rwaIsraeri. Joshua akaparadza guta
navose vaiva mariri nomunondo. Hapana waakasiya ari mupenyu. Akaita
kuna mambo waro zvaakanga aita kuna mambo weJeriko.

[31] Ipapo Joshua navaIsraeri vose vaakanga anavo vakabva kuRibhina
vakaenda kuRakishi; vakavaka misasa yavo pedyo naro vakarirwisa.
[32] Jehovha akapa Rakishi kuvaIsraeri, Joshua akaritora nezuva rechipiri.
Akaparadza guta navose vaiva mariri nomunondo, sezvaakaita Ribhina.
[33] Ipapo Horamu mambo weGezeri akauya kuzobatsira Rakishi, asi Joshua
akamukunda pamwe chete nehondo yake, kusvikira pasisina mupenyu
akasara.

[34] Ipapo Joshua navaIsraeri vose vaakanga anavo vakafamba kubva
kuRakishi vakaenda kuEgironi, vakavaka misasa pedyo naro vakarirwisa.
[35] Vakaritora musi iwoyo vakariparadza nomunondo zvachose navose
vaiva mariri, sezvavakaita kuRakishi.

[36] Ipapo Joshua navaIsraeri vose vaakanga anavo vakafamba kubva
kuEgironi vakaenda kuHebhuroni vakarirwisa. [37] Vakatora guta vakari-
paradza nomunondo, pamwe chete namambo waro, namaguta aro,
navanhu vose vaiva mariri. Hapana wavakasiya ari mupenyu. Vakari-
paradza zvachose navanhu vose vaiva mariri sezvavakaita kuEgironi.

[38] Ipapo Joshua navaIsraeri vose vaakanga anavo vakadzokera kuD-
hebhiri vakarirwisa. [39] Vakatora guta, namambo waro nemisha yaro,
vakazviparadza nomunondo. Vakaparadza zvachose vose vaivamo. Ha-
pana wavakasiya ari mupenyu. Vakaita kuDhebhiri nokuna mambo waro
sezvavakanga vaita kuRibhina nokuna mambo waro uye nokuHebhuroni.
[40] Naizvozvo Joshua akaparadza nharaunda yose, zvichisanganisira
nyika yamakomo, neNegevhi, neyemujinga mezvikomo zvokumavirira
nemitenusirwa yamakomo pamwe chete namadzimambo acho ose. Ha-
pana waakasiya ari mupenyu. Akaparadza zvachose vose vaifema, sez-
vakanga zvarayirwa naJehovha, Mwari waIsraeri. [41] Joshua akavaparadza
kubva kuKadheshi Bharinea kusvikira kuGaza uye nokubva kudunhu
rose reGosheni kusvikira kuGibheoni. [42] Madzimambo aya ose nenyika
dzawo akakundwa naJoshua panguva imwe chete, nokuti Jehovha, Mwari
waIsraeri, akarwira Israeri.
[43] Ipapo Joshua akadzokera navaIsraeri vose kumusasa kuGirigari.

# 11

*Madzimambo oKumusoro anokundwa*

[1] Zvino Jabhini mambo weHazori akati anzwa pamusoro paizvozvi, aka-
tumira shoko kuna Jobhabhi mambo weMadhoni, nokuna madzimambo
eShimuroni neAkishafi, [2] uye nokumadzimambo okumusoro aigara mu-
makomo, muArabha zasi kweKinereti, kumadokero kwamajinga ezvikomo
uye nokuzvikomo zveNafoti Dhori kumadokero; [3] NokuvaKenani kum-
abudazuva nokumadokero, nokuvaAmori, vaHiti, vaPerizi navaJebhusi
munyika yamakomo; uye nokuvaHivhi muzasi meHemoni mudunhu
reMizipa. [4] Vakauya nehondo dzavo dzose namabhiza nengoro zhinji
zhinji, navanhu vazhinji kwazvo, vakanga vakawanda sejecha rapama-
hombekombe egungwa. [5] Madzimambo ose aya akaungana vakavaka
musasa pamwe chete paMvura yeMeromi, kuti vazorwa navaIsraeri.
[6] Jehovha akati kuna Joshua, "Usavatya nokuti mangwana nguva ino
ndichavaisa vose vakatofa mumaoko avaIsraeri. Munofanira kutema
marunda amakumbo amabhiza avo nokupisa ngoro dzavo."
[7] Naizvozvo Joshua nehondo yake vakavavinga pakarepo paMvura
yeMeromi vakavarwisa, [8] uye Jehovha akavaisa mumaoko avaIsraeri.
Vakavakunda vakavadzinganisa kusvikira kuGuta reSidhoni, nokuMisire-
foti Maimi, nokuMupata weMizipa kumabvazuva, kusvikira pasisina mu-
penyu akasara. [9] Joshua akaita kwavari zvakanga zvarayirwa naJehovha:
Akatema marunda amabhiza akapisa ngoro dzavo.
[10] Panguva iyoyo, Joshua akadzokera akatora Hazori ndokuuraya
mambo waro. (Hazori waiva muzinda woumambo hwose uhu.)
[11] Vakauraya nomunondo munhu wose aivamo. Vakavaparadza zvachose,
vakasasiya chipi nechipi chaifema, uye akapisa Hazori pacharo nomoto.
[12] Joshua akakunda maguta oumambo ose aya namadzimambo
awo ndokuvauraya nomunondo. Akavaparadza zvachose, sezvakanga
zvarayirwa naMozisi muranda waJehovha. [13] Asi vaIsraeri havana
kupisa kana rimwe ramaguta akanga akavakwa pazvikomo zvavo, kusara
kweHazori chete, rakapiswa naJoshua. [14] VaIsraeri vakatakura zvose
zvavakapamba nezvipfuwo zvamaguta iwaya, asi vakaparadza zvachose
vanhu vose, vakasasiya kana mumwe aifema. [15] Sezvakanga zvarayirwa
Mozisi muranda wake naJehovha, saizvozvo Mozisi akarayira Joshua, uye

Joshua akazviita; hapana chaakasiya chisina kuitwa pane zvose zvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha.

16 Naizvozvo Joshua akatora nyika yose iyi nyika yamakomo, neNegevhi, dunhu rose reGosheni, majinga ezvikomo zvokumavirira, neArabha
namakomo eIsraeri namajinga awo, 17 kubvira kuGomo reHaraki, rinokwidza rakananga kuSeiri, kuBhaari Gadhi muMupata weRebhanoni, zasi kweGomo reHemoni. Akabata madzimambo avo ose akavaparadza,
akavauraya. 18 Joshua akarwa namadzimambo ose aya kwenguva refu.
19 Hakuna guta kana rimwe rakaita sungano yorugare navaIsraeri kunze
kwavaHivhi vaigara muGibheoni, vavakatora vose pakurwa. 20 Nokuti Jehovha ndiye akaomesa mwoyo yavo kuti varwe navaIsraeri, kuti vavaparadze zvachose, vavaparadze pasina kunzwira tsitsi, sezvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha.

21 Panguva iyoyo Joshua akaenda akandoparadza vaAnaki munyika yamakomo: kubva kuHebhuroni, nokuDhebhiri nokuAnabhi, nokubva munyika yose yamakomo yeJudha, uye nokubva munyika yose yamakomo
yavaIsraeri. Joshua akavaparadza zvachose namaguta avo. 22 Hakuna vaAnaki vakasara munyika yeIsraeri: kusara kwomuGaza, nomuGati
nomuAshidhodhi makasara vamwe. 23 Naizvozvo Joshua akatora nyika yose, sezvakanga zvarayirwa Mozisi naJehovha, uye akaipa kuvaIsraeri kuti ive nhaka yavo zvichienderana namarudzi avo.

Ipapo nyika yakazorora pakurwa.

# 12

*Madzimambo akakundwa*

1 Aya ndiwo madzimambo enyika iyoyo akakundwa navaIsraeri uye nenyika yavo yavakatora kumabvazuva eJorodhani, kubva kuMupata weAnoni kusvikira kuGomo reHemoni, zvichisanganisira divi rose rokumabvazuva eArabha:

2 Sihoni mambo wavaAmori, aitonga muHeshibhoni.
Aitonga kubva kuAroeri kumucheto woMupata weAnoni, kubva pakati pomupata, kusvikira kuRwizi rweJabhoki, unova muganhu wavaAmori. Izvi zvaisanganisira hafu yeGireadhi.
3 Akatongawo kumabvazuva eArabha kubva kuGungwa reKinereti kusvikira kuGungwa reArabha (Gungwa roMunyu), kusvikira kuBheti Jeshimoti, nokurutivi rwezasi nyasi kwemawere ePisiga.
4 Uyewo nenyika yaOgi mambo weBhashani, mumwe wevokupedzisira wavaRefi, akatonga muAshitaroti nomuEdhirei.
5 Akatonga Gomo reHemoni, neSareka, neBhashani yose kusvikira kumuganhu wavanhu veGesheri neMaaka, nehafu yeGireadhi kusvikira kumuganhu waSihoni mambo weHeshibhoni.

6 Mozisi, muranda waJehovha, navaIsraeri vakavakunda. Uye Mozisi muranda waJehovha akapa nyika yavo kurudzi rwaRubheni, norudzi rwaGadhi nehafu yorudzi rwaManase kuti ive nhaka yavo.

7 Aya ndiwo madzimambo enyika iyoyo akakundwa naJoshua navaIsraeri kurutivi rwokumavirazuva eJorodhani, kubva paBhaari Gadhi muMupata weRebhanoni kusvikira kuGomo reHaraki, rinokwidza

richienda kuSeiri (nyika dzavo Joshua akadzipa kumarudzi avaIsraeri kuti
ive nhaka yavo zvichienderana namarudzi avo, 8 nyika yamakomo, mu-
jinga mamakomo kwakadziva kumavirazuva, Arabha, mawere amakomo,
gwenga neNegevhi, inova nyika yavaHiti, vaAmori, vaKenani, vaPerizi,
vaHivhi navaJebhusi):

9 mambo weJeriko mumwe chete namambo weAi (pedyo neBheteri) mumwe chete
10 mambo weJerusarema mumwe chete mambo weHebhuroni mumwe chete
11 mambo weJarumuti mumwe chete mambo weRakishi mumwe chete
12 mambo weEgironi mumwe chete mambo weGezeri mumwe chete
13 mambo weDhebhiri mumwe chete mambo weGedheri mumwe chete
14 mambo weHoma mumwe chete mambo weAradhi mumwe chete
15 mambo weRibhina mumwe chete mambo weAdhuramu mumwe chete
16 mambo weMakedha mumwe chete mambo weBheteri mumwe chete
17 mambo weTapua mumwe chete mambo weHeferi mumwe chete
18 mambo weAfeki mumwe chete mambo weRasharoni mumwe chete
19 mambo weMadhoni mumwe chete mambo weHazori mumwe chete
20 mambo weShimuroni Meroni mumwe chete mambo weAkishafi mumwe chete
21 mambo weTaanaki mumwe chete mambo weMegidho mumwe chete
22 mambo weKadheshi mumwe chete mambo weJokineamu muKarimeri mumwe chete
23 mambo weDhori (muNafoti Dhori) mumwe chete mambo weGoyimi muGirigari mumwe chete
24 mambo weTiriza mumwe chete,
madzimambo makumi matatu nomumwe pamwe chete.

# 13

*Nyika yakanga isati yatorwa*

1 Joshua akati akwegura ava namakore mazhinji kwazvo, Jehovha akati
kwaari, "Wakwegura kwazvo, uye kuchine nzvimbo zhinji dzinofanira
kutorwa.

2 "Iyi ndiyo nyika yasara: nyika dzose dzavaFiristia, navaGeshuri:

3 "Kubva kuRwizi rweShihori kumabvazuva kweIjipiti, kusvikira
kudunhu reEkironi nechokumusoro, iyo yose yainzi ndeyavaKe-
nani (matunhu amadzishe mashanu avaFiristia muGaza, Ashidhodhi,
Ashikeroni, Gati, neEkironi yavaAvhiti); 4 kubva zasi nyika yose
yavaKenani, kubva kuAra yevaSidhoni kusvikira kuAfeki, nyika
yavaAmori, 5 nenyika yavaGebhari, uye neRebhanoni yose kumab-
vazuva, kubva paBhaari Gadhi muzasi meGomo reHemoni, kusvikira
paRebho Hamati.

6 "Kana vari vanhu vose vanogara munyika dzamakomo kubva
kuRebhanoni kusvika kuMisirefoti Maimi, zvichireva vaSidhoni vose, ini
pachangu ndichavadzinga pamberi pavana vaIsraeri. Unofanira kugovera
nyika iyi kuvana vaIsraeri kuti ive nhaka yavo sezvandakurayira, 7 uye

ugoigovanisa senhaka pakati pamarudzi mapfumbamwe nehafu yorudzi rwaManase.”

### *Kuganhurwa kweNyika kuMabvazuva kweJorodhani*

8 Imwe hafu yaManase, navaRubheni navaGadhi, vakanga vagamuchira nhaka yavakanga vapiwa naMozisi kumabvazuva kweJorodhani, sokuvagovera kwaakanga aita, iye muranda waJehovha.

9 Yaibva kuAroeri nechokumusoro kwomupata weArinoni ichibvawo kuguta riri pakati pomupata, zvichibatanidzira bani rose reMedhebha kusvikira kuDhibhoni,
10 uye maguta ose aSihoni mambo wavaAmori, aitonga muHeshibhoni, kusvikira kumuganhu wavaAmoni.
11 Yaibatanidzirawo Gireadhi, nenyika yavanhu veGeshuri neMaaka neGomo rose reHemoni uye neBhashani kusvikira kuSareka,
12 zvichireva umambo hwose hwaOgi muBhashani, akanga akambotonga muAshitaroti neEdhirei uye akanga apunyuka akava mumwe wavakanga vasara pakati pavaRefaiti. Mozisi akanga avakunda akavatorera nyika yavo.
13 Asi vaIsraeri havana kudzinga vanhu veGeshuri neMaaka, naizvozvo vagere pakati pavaIsraeri kusvikira nhasi.

14 Asi kurudzi rwaRevhi haana kupa nhaka, sezvo zvipiriso zvaiitwa nomoto kuna Jehovha Mwari waIsraeri, zviri izvo nhaka yavo, sezvaakavavimbisa.

15 Iyi ndiyo nhaka yakanga yapiwa rudzi rwaRubheni naMozisi, mhuri nemhuri:

16 Nyika yose kubva kuAroeri, nechokumucheto kwoMupata weArinoni, uye kubva muguta pakati pomupata, bani rose kupfuura Medhebha
17 kusvikira kuHeshibhoni namaguta ose ari mubani, kusanganisa Dhibhoni, Bhamoti Bhaari, Bheti Bhaari Meoni,
18 Jahazi, Kedhemoti, Mefaati,
19 Kiriataimi, Sibhima Zereti Shahari pachikomo chiri mumupata,
20 Bheti-Peori, nemitenusirwa yePisiga, neBheti Jeshimoti,
21 anova maguta ebani, noushe hwose hwaSihoni, mambo wavaAmori, uyo aitonga paHeshibhoni. Mozisi akanga amukunda pamwe chete namadzishe eMidhiani vaiti Evhi, Rekemu, Zuri, Huri, naRebha, machinda aibatsirana naSihoni, akanga agere munyika iyoyo.
22 Kuchiverengwa navaya vakanga vaurayiwa muhondo, vaIsraeri vakanga vauraya nomunondo Bharamu mwanakomana waBheori uyo aiita zvokuvuka.
23 Muganhu wavaRubheni wakanga uri mahombekombe erwizi rweJorodhani. Maguta aya nemisha yawo ndiwo aiva nhaka yavaRubheni mhuri nemhuri.

24 Izvi ndizvo zvakapiwa rudzi rwavaGadhi naMozisi, mhuri nemhuri:

25 Nyika yeJazeri, namaguta ose eGireadhi, nehafu yenyika yavaAmoni, kusvikira kuAroeri, pedyo neRabha;
26 nokubva kuHeshibhoni, kusvikira kuRamati Mizipa neBhetonimu, uye kubva kuMabhanaimu kusvika kunyika yeDhebhiri;
27 nomumupata, Bheti Haramu, Bheti Nimura, Sukoti neZafoni nohumwe ushe hwakanga hwasara hwaSihoni mambo weHeshibhoni, (kumabvazuva kweJorodhani nenyika

inosvika panogumira Gungwa reKinereti). 28 Maguta aya nemisha
yawo akanga ari nhaka yavaGadhi, mhuri nemhuri.

29 Izvi ndizvo zvakanga zvapiwa hafu yorudzi rwaManase
naMozisi, ndiko kuti, kuhafu yemhuri yezvizvarwa zvaManase,
mhuri nemhuri:
30 Nyika yavo yaibva paMahanaimi, ichibatanidzira neBhashani yose,
noushe hwose hwaOgi mambo weBhashani nemisha yose yeJairi,
yaiva paBhashani, maguta makumi matanhatu; 31 hafu yeGireadhi,
neAshitaroti neEdhirei, (maguta oushe hwaOgi muBhashani). Iyi
ndiyo yaiva nhaka yezvizvarwa zvaMakiri mwanakomana waManase,
zvehafu yavanakomana vaMakiri, mhuri nemhuri.

32 Ndiyo nhaka yakagoverwa naMozisi pamapani eMoabhu, mhiri
kwaJorodhani, kumabvazuva kweJeriko. 33 Asi rudzi rwaRevhi
haruna kupiwa nhaka naMozisi; Jehovha, Mwari wavaIsraeri,
ndiye nhaka yavo, sezvaakavavimbisa.

# 14

*Kuganhurwa kweNyika yokuMavirira kweJorodhani*

1 Zvino idzi ndidzo nzvimbo dzakagamuchirwa navana vaIsraeri sen-
haka munyika yeKenani, dzavakagoverwa nomuprista Ereazari, naJoshua
mwanakomana waNuni, navakuru vedzimba dzamadzibaba amarudzi
avana vaIsraeri. 2 Nhaka yavo yakagoverwa nemijenya kumarudzi
mapfumbamwe nehafu yamarudzi, sezvakanga zvaraiyirwa naJehovha
kuna Mozisi. 3 Mozisi akanga apa marudzi maviri ane hafu nhaka yawo
kumabvazuva kweJorodhani; asi vaRevhi haana kuvapa nhaka pakati
pavo, 4 nokuti vana vaJosefa vakanga vava marudzi maviri, rwaManase
norwaEfuremu. VaRevhi havana kuwana mugove wenyika asi maguta
okugara, namafuro amakwai avo nemombe dzavo. 5 Naizvozvo vana
vaIsraeri vakakamura-kamura nyika, sezvazvakanga zvarayirwa Mozisi
naJehovha.

*Karebhu anopiwa Hebhuroni*

6 Zvino vanhu veJudha vakaenda kuna Joshua paGirigari, uye Karebhu,
mwanakomana waJefune muKenizi, akati kwaari, "Imi munoziva
zvakataurwa naJehovha kuna Mozisi munhu waMwari, pamusoro pangu
nemi, paKadheshi Bharinea. 7 Ndakanga ndava namakore makumi mana
pandakatumwa naMozisi muranda waJehovha, paKadheshi Bharinea
kundosora nyika, uye ndakadzoka neshoko kwaari sezvandakafunga ini,
8 asi hama dzangu dzakanga dzakwidza neni dzakaodza mwoyo yavanhu,
nokutya. Kunyange zvakadaro ini ndakatevera Jehovha Mwari wangu
nomwoyo wose. 9 Saka pazuva iro Mozisi akapika kwandiri akati, 'Nyika
yose yauchafamba pairi netsoka dzako, ichava nhaka yako, navana vako
nokusingaperi, nokuti wakatevera Jehovha Mwari wangu nomwoyo wako
wose.'
10 "Zvino ipapo, sokuvimbiswa kwakaitwa naJehovha, akandiraramisa
kwamakore makumi mana namashanu, kubva panguva yaakataura
izvi kuna Mozisi, vaIsraeri pavaidzungaira murenje. Naizvozvo
nhasi ndiri pano, ndava namakore makumi masere namashanu!
11 Ndichakangosimba nanhasi sezvandakanga ndakaita musi wandaka-
tumwa naMozisi; ndichine simba guru rokuti ndinokwanisa kuenda

kundorwa sezvandakanga ndakaita kare. 12 Zvino chindipa nyika iyo
yamakomo, yandakavimbiswa naJehovha musi iwoyo. Iwe pachako
wakanzwa kare kuti vaAnaki vakanga varipo uye kuti maguta avo
akanga ari makuru uye akakomberedzwa, asi Jehovha achindibatsira,
ndichavadzinga sezvaakataura."

13 Ipapo Joshua akaropafadza Karebhu, mwanakomana waJefune
akamupa Hebhuroni senhaka yake. 14 Naizvozvo Hebhuroni yakava
nhaka yaKarebhu mwanakomana waJefune muKenizi kubvira ipapo,
nokuti akatevera Jehovha, Mwari waIsraeri, nomwoyo wake wose.
15 (Hebhuroni yaimbonzi Kiriati Abha ichibva pana Abha akanga ano
mukurumbira pakati pavaAnaki vose.)

Ipapo nyika yakazorora pakurwa hondo.

# 15

*Mugove waJudha*

1 Nzvimbo yakapiwa rudzi rwaJudha, mhuri nemhuri, yaisvika kunyika yeEdhomu kuGwenga reZini zasi kumagumo chaiko.

2 Muganhu wavo wezasi waitangira pamuganhu weGungwa roMunyu,
3 uchiyambukira zasi kwoMupata weChinyavada uchipfuurira kuenda
kuZini uchizopfuurira kuenda nechezasi kweKadheshi Bharinea.
Ipapo waienda uchipfuura nepaHezironi kusvika kuAdhari uchikom-
bamira kuKarika. 4 Ipapo waipfuurira kuAzimoni uchindobatana
neRwizi rweIjipiti wogumira kugungwa. Uyu ndiwo muganhu wavo
wezasi.

5 Muganhu wokumabvazuva ndiwo Gungwa roMunyu kusvikira kuromo werwizi rweJorodhani.

Muganhu wokumusoro waitangira kugungwa pamuromo weJorod-
hani, 6 uchienda kuBheti Hogira, ndokupfuurira nokumusoro kweB-
heti Arabha kusvika kubwe raBhohani mwanakomana waRub-
heni. 7 Ipapo muganhu waizokwira kuDhebhiri uchibva paMupata
weAkori uye uchidzokera nechokumusoro wakananga kuGirigari,
pakatarisana noMupata weAdhumimi nechezasi kwomupata. Waip-
fuurira napamvura yeEni Shemeshi ndokuzobudira kuEri Rogeri.
8 Ipapo waikwira napamupata waBheni waHinomi wakanga uri zasi
kwamateru eguta ravaJebhusi (rinova Jerusarema). Kubva ipapo
waikwira kumusoro kwechikomo kumavirira kwomupata waHinomi
nechokumusoro kwamagumo oMupata weRefaimi. 9 Kubva pamu-
soro pechikomo, muganhu wainanga kuchitubu chemvura zhinji
yeNefutoa, uchibudira kumaguta eGomo reEfuroni ndokuzoburuka
wakananga Bhaara iro Kiriati. 10 Ipapo waikombamira kumavirira
uchibva paBhaara kusvika paGomo reSeiri uchienda nokumawere
eGomo reJearimi (iro Kesaroni), ndokupfuurira pasi kuBheti Shemeshi
uchizoyambukira kuTimina. 11 Waiendawo nokumawere echoku-
musoro kweEkironi, uchidzoka wakananga kuShikeroni, uchipfuura
nokuGomo reBhaara uchisvika kuJabhuneeri. Muganhu waindogu-
mira kugungwa.

12 Muganhu wokumavirira ndiwo mahombekombe eGungwa Guru.

Iyi ndiyo miganhu yakapoteredza Judha zvichienderana nedzimba dzavo.

13 Joshua akapa Karebhu mwanakomana weJefune mugove pakati pavana vaJudha sezvaakarayirwa naJehovha, akamupa Kiriati Abha, iro
Hebhuroni. (Abha akanga ari tateguru waAnaki.) 14 Karebhu akadzinga
vanakomana vatatu vaAnaki vaiti Sheshai, Ahimani naTarimani zvizvarwa zvaAnaki kubva paHebhuroni. 15 Kubva ipapo akandorwa navanhu
vaigara kuDhebhiri (yaimbonzi Kiriati Seferi). 16 Karebhu akati, "Munhu
anorwa neKenati Seferi akarikunda ndichamupa mukunda wangu, Akisa
ave mukadzi wake." 17 Otinieri mwanakomana waKenazi, munun'una
waKarebhu akarikunda; saka Karebhu akamupa mwanasikana wake Akisa akava mukadzi wake.

18 Akisa akati achisvika kuna Otinieri nerimwe zuva, akamukurudzira kuti akumbire munda kubva kuna baba vake. Paakaburuka pambongoro yake Karebhu akati kwaari, "Ndingakuitireiko?"

19 Iye akati, "Ndiitirei nyasha. Zvamakandipa nyika yeNegevhi, ndipeiwo zvakare matsime emvura." Naizvozvo Karebhu akamupa matsime okumusoro neezasi.

20 Iyi ndiyo nhaka yorudzi rwaJudha, mhuri nemhuri:

21 Maguta ezasi zasi erudzi rwaJudha kuNegevhi kwakanangana nomuganhu weEdhomu aiva:
Kabhizeeri, Edheri, Jaguri, 22 Kina, Dhimona, Adhadha, 23 Kedheshi,
Hazori, Itinani, 24 Zifi, Teremi, Bhearoti, 25 Hazori Hadhata, Kerioti
Hezironi (iro Hazori), 26 Amami, Shema, Moradha, 27 Hazari
Gadha, Heshimoni, Bheti Pereti, 28 Hazari Shuari, Bheerishebha,
Bhiziotia, 29 Bhaara, Riyimi, Ezemi, 30 Eritoradhi, Kesiri, Hurima,
31 Zikiragi, Madhimana, Sanisana, 32 Rebhaoti, Shirimi, Aini, Rimoni, maguta anokwana makumi maviri namapfumbamwe pamwe chete nemisha yawo.

33 Mujinga mamakomo okumavirira maiva ne:
Eshitaori, Zora neAshina, 34 Zanoa, Eni Ganimi, Tapuwa, Enami,
35 Jarimuti, Adhuramu, Soko, Azeka, 36 Shaaraimi, Adhitaimi, neGedhera (kana kuti Gedherotaimi) anova maguta gumi namana pamwe chete nemisha yawo.

37 Zenani, Hadhasha, Migidhari Gadhi, 38 Dhireani, Mizipa, Jokiteeri, 39 Rakishi, Bhozikati, Egironi, 40 Kabhoni, Ramasi, Kitireishi,
41 Gedheroti, Bheti Dhagoni, Naama, neMakedha anova maguta gumi namatanhatu pamwe chete nemisha yawo.

42 Ribhina, Eteri, Ashani, 43 Ifita, Ashina, Nezibhi, 44 Keira, Akizibhi, Maresha anova maguta mapfumbamwe pamwe chete nemisha yawo.

45 Ekironi, nenzvimbo dzakaripoteredza nemisha yaro; 46 uye nokumavirira kweKironi namaguta ose akanga ari pedyo neAshidhodhi pamwe chete nemisha yawo; 47 Ashidhodhi nemisha yaro
yakaripoteredza neGaza nemisha yaro kusvikira kurukova rweIjipiti namahombekombe eGungwa Guru.

48 Munyika yamakomo maiva ne:
Shamiri, Jatiri, Soko, 49 Dhana, Kiriati Sana (iro Dhebhiri), 50 Anabhi,
Ashitemo, Animi, 51 Gosheni, Horoni, neGiro anova maguta gumi nerimwe pamwe chete nemisha yawo.

52 Arabha, Dhuma, Eshani, 53 Janimi, Bheti Tapua, Afeka. 54 Humuta,
Kiriati Abha, (iro Hebhuroni) neZiori ndiwo maguta mapfumbamwe
pamwe chete nemisha yawo.
55 Maoni, Kameri, Zifi, Juta, 56 Jezirieri, Jokidheami, Zanoa, 57 Kaini,
Gibhea, neTimuna, ndiwo maguta gumi nemisha yawo.
58 Hariuri, Bheti Zuri, Gedhori, 59 Maarati, Bheti Anoti, neEritekoni
ndiwo maguta matanhatu pamwe chete nemisha yawo.
60 Kiriati Bhaari (iro Kiriati Jearimi) neRabha ndiwo maguta maviri
nemisha yawo.
61 Murenje maiva ne:
Bheti Arabha, Midhini, Sekaka, 62 Nibhishani, Guta roMunyu, neEni
Gedhi ndiwo maguta matanhatu pamwe chete nemisha yawo.

63 Judha haana kukwanisa kudzinga vaJebhusi vakanga vachigara
muJerusarema; nanhasi vaJebhusi vageremo navanhu veJudha.

# 16

*Mugove waEfuremu naManase*

1 Mugove waJosefa waitangira paJorodhani paJeriko kumabvazuva
kwemvura zhinji yeJeriko, ndokukwidza uchibva ikoko nomugwenga
uchienda kunyika yezvikomo yeBheteri. 2 Waienderera mberi uchibva
paBheteri (iro Ruzi), ndokuyambukira kunyika yavaAriki muAtaroti,
3 ndokuburukira kumabvazuva kunyika yavaJafereti uchindosvika
kunyika yeBheti Horoni reZasi nokuGezeri, uchigumira pagungwa.

4 Saka Manase naEfuremu zvizvarwa zvaJosefa, vakagamuchira
nhaka yavo.

5 Iyi ndiyo yaiva nyika yaEfuremu, mhuri nemhuri:

Muganhu wenhaka yavo waibvira paAtaroti Adhari kumabvazuva
uchisvika kuBheti Horoni yoKumusoro 6 uye uchindosvika kugungwa,
kubva kuMikimetati nechokumusoro waikombamira kumabvazuva
uchindosvika paTaanati Shiro, ndokupfuura ipapo wakananga ku-
Janoa nechokumabvazuva. 7 Ipapo wakadzika uchibva kuJanoa
uchienda kuAtaroti nokuNaara, ndokundobata Jeriko, ndokubudira
paJorodhani. 8 Kubva paTapuwa muganhu waienda kumavirazuva
kuRwizi rweKana uchindogumira pagungwa. Iyi ndiyo yaiva nhaka
yorudzi rwavaEfuremu mhuri nemhuri. 9 Waisanganisirawo maguta
ose nemisha yawo yakanga yakatsaurirwa vaEfuremu pakati penhaka
yavaManase.

10 Havana kudzinga vaKenani vakanga vagere muGezeri; nanhasi vaK-
enani vagere pakati pavaEfuremu asi vanoshandiswa mabasa echibharo.

# 17

1 Uyu ndiwo mugove worudzi rwaManase sedangwe raJosefa, ndiko kuti
mugove waMakiri dangwe raManase. Makiri ndiye akanga ari tateguru
wavaGireadhi, uye akanga apiwa Gireadhi neBhashani nokuti vaMakiri
vakanga vari varwi vakuru. 2 Saka mugove uyu wakanga uri wavanhu

vakasara vaManase dzimba dzaAbhiezeri, Hereki, Asirieri, Shekemu, Hefa
naShemidha. Izvi ndizvo zvimwe zvizvarwa zvechirume zvaManase
mwanakomana waJosefa nedzimba dzavo.

3 Zvino Zerofehadhi mwanakomana waHeferi, mwanakomana wa-
Gireadhi, mwanakomana waMakiri, mwanakomana waManase, akanga
asina vanakomana asi vanasikana chete. Mazita avo aiti Mara, Noa,
Hogira, Mirika, naTiriza. 4 Ivo vakaenda kuna Ereazari muprista nokuna
Joshua mwanakomana waNuni, nokuvatungamiri vakandoti, "Jehovha
akarayira Mozisi kuti atipe nhaka pakati pehama dzedu." Naizvozvo
Joshua akavapa nhaka pamwe chete navanun'una vababa vavo, sez-
vakanga zvarayirwa naJehovha. 5 Mugove waManase waisanganisira
matunhu gumi tisingaverengi Gireadhi neBhashani dzaiva kumabvazuva
kweJorodhani, 6 nokuti vanasikana vorudzi rwaManase vakapiwa nhaka
pakati pavanakomana. Nyika yeGireadhi yakanga iri yezvimwe zvizvarwa
zvose zvaManase.

7 Nyika yaManase yaitangira kuAsheri ichindosvika kuMikimetati kum-
abvazuva kweShekemu. Muganhu wainanga nechezasi uchibva
ikoko uye waisanganisira vanhu vakanga vagere muEni Tapua.
8 (Nyika yeTapua yakanga iri yaManase asi guta reTapua pacharo
raiva pamuganhu waManase, rakanga riri ravaEfuremu.) 9 Zvino
muganhu waipfuurira zasi kuRwizi rweKana. Kwakanga kuna maguta
aiva aEfuremu akanga ari pakati pamaguta aManase, asi muganhu
waManase wakanga uri nechokumusoro kworwizi uchindogumira
pagungwa. 10 Nechezasi nyika iyi yakanga iri yaEfuremu uye kurutivi
rwokumusoro yakanga iri yaManase. Nyika yaManase yaisvika
kugungwa uye yaiganhurana naAsheri nechokumusoro uye naIsakari
kumabvazuva.
11 Mukati meIsakari neAsheri, Manase akanga ainewo Bheti Shani,
Ibhireami navanhu veDhori, Enidhori, Tanaki neMegidho, pamwe
chete nemisha yakapoteredza (yechitatu pakuverengwa iNafoti).

12 Asi vana vaManase havana kugona kugara mumaguta aya, nokuti
vaKenani vakashinga kugara munyika iyoyo. 13 Kunyange zvakadaro
hazvo, vaIsraeri vakati vava nesimba, vakaisa vaKenani pasi pavo
ndokuvashandisa chibharo, asi havana kuvadzinga zvachose.

14 Vanhu vaJosefa vakati kuna Joshua, "Makatipireiko mugove mumwe
chete nechikamu chimwe chete kuti ive nhaka yedu? Tiri vanhu vazhinji
uye Jehovha akatiropafadza zvikuru."

15 Joshua akapindura achiti, "Kana muri vanhu vazhinji, uye kana
nyika yezvikomo yaEfuremu iri diki chaizvo kwamuri, endai kudondo
munozvitemera nzvimbo ikoko kunyika yavaPerizi neyavaRefaiti."

16 Vanhu vaJosefa vakati, "Nyika yamakomo haitikwaniri, uye vaKenani
vose vanogara mubani vane ngoro dzesimbi, ivo vose vari muBheti Sheani
nemisha yaro pamwe chete navari muMupata weJezireeri."

17 Asi Joshua akati kuimba yaJosefa, imba yaEfuremu naManase, "Imi
muri vanhu vazhinji uye mune simba guru. Hamungave nomugove
mumwe chete 18 asi nyika yamakomo ichava yenyu; nokuti kunyange
riri dondo, muchafanira kuritema rigova renyu kusvikira kwarinoperera,
nokuti munofanira kudzinga vaKenani, kunyange vane ngoro dzesimbi
uye vane simba."

# 18

*Kuganhurwa kweNyika Yakasara*

1 Ungano yose yavaIsraeri yakaungana paShiro vakadzikapo Tende
Rokusangana. Nyika yakanga yava pasi pavo, 2 Asi kwakanga kwasara
marudzi manomwe avaIsraeri akanga asati agoverwa nhaka yawo.

3 Saka Joshua akati kuvaIsraeri, "Muchamirira kusvika rinhiko musati
matora nyika yamakapiwa naJehovha Mwari wamadzibaba enyu?
4 Zvitsaurirei varume vatatu kurudzi rumwe norumwe. Ndichavatuma
kuti vanosora nyika uye kuti vagonyora vachirondedzera zvayakaita maer-
erano nenhaka imwe neimwe. Ipapo vachadzoka kwandiri. 5 Munofanira
kuganhura kuti iite zvikamu zvinomwe. Judha anofanira kuramba ari
munyika yezasi uye imba yaJosefa munyika yokumusoro. 6 Mushure
mokunge manyora rondedzero yezvikamu zvinomwe zvenyika, muuye
nazvo kwandiri ndigokukandirai mujenya pamberi paJehovha Mwari
wenyu. 7 Kunyange zvakadaro hazvo, vaRevhi havawani mugove pakati
penyu, nokuti uprista hwaJehovha ndihwo nhaka yavo. Uye Gadhi, Rub-
heni nehafu yorudzi rwaManase vakapiwa kare nhaka yavo kumabvazuva
kweJorodhani. Mozisi muranda waJehovha ndiye akavapa nhaka iyoyo."

8 Varume vakati vaenda kundotara muganhu wenyika, Joshua
akavarayira achiti, "Endai mundosora nyika mugonyora rondedzero
yayo. Ipapo mugodzoka kwandiri, uye ndichakukandirai mujenya pano
paShiro pamberi paJehovha." 9 Saka varume vakaenda, vakafamba
nenyika. Vakanyora rondedzero yayo mubhuku, guta neguta, muzvikamu
zvinomwe, ndokudzokera kuna Joshua kumusasa paShiro.

10 Ipapo Joshua akavakandira mujenya muShiro pamberi pa-
Jehovha, ndokugovera vaIsraeri nyika ipapo maererano na-
marudzi avo.

*Mugove waBhenjamini*

11 Rudzi rwaBhenjamini rwakapiwa mugove warwo, mhuri
nemhuri. Nyika yavakagoverwa yakanga iri pakati pamarudzi
aJudha neaJosefa:

12 Kumusoro muganhu wavo waitangira paJorodhani, uchipfuura
nokumusoro kwamateru eJeriko ndokunanga kumavirira okunyika
yamakomo, uchindobuda kurenje reBheti Avheni. 13 Kubva ikoko
wakayambukira kumateru ezasi kweRuzi (iro Bheteri) uchizoburukira
kuAtaroti Adhari pagomo riri zasi kweBheti Horoni yezasi.

14 Kubva pachikomo chakatarisana neBheti Horoni nechokumusoro,
muganhu wakadzokera zasi kudivi rokumavirira ndokundobudira
paKiriati Bhaari (iro Kiriati Jearimi), guta ravanhu veJudha. Iri ndiro
raiva divi rokumavirira.

15 Rutivi rwezasi rwakatangira panogumira Kiriati Jearimi kumavirira,
uye muganhu wakandobudira patsime remvura zhinji reNefitoa.
16 Muganhu wakaburukira mujinga megomo rakatarisana nomupata
weBheni Hinomi kumusoro kwomupata weRefaimi. Wakaramba
uchidzika nokuMupata weHinomi mujinga memateru echezasi
kweguta ravaJebhusi kusvikira kuEni Rogeri. 17 Ipapo wakazokom-
bamira kumusoro uchienda kuEni Shemeshi, uchipfuurira mberi
kuGeriroti yakatarisana noMupata weAdhumimi, ndokuburikira ku-
Dombo raBhohani mwanakomana waRubheni. 18 Wakaramba

uchienda nokurutivi rwokumusoro kwamateru eBheti Arabha.
19 Ipapo wakananga nechokumusoro kwamateru eBheti Hogira
ndokubudira kumusoro kweGungwa roMunyu, pamuromo weJorod-
hani nechezasi. Uyu ndiwo wakanga uri muganhu wezasi.
20 Jorodhani ndirwo rwakanga rwuri muganhu kumabvazuva.

Iyi ndiyo yakanga iri miganhu yairatidza nhaka yemhuri dzaBhenjamini kumativi ose.

21 Rudzi rwaBhenjamini, mhuri nemhuri, rwakanga runa maguta anotevera anoti:

Jeriko, Bheti Hogira, Emeki Kezizi, 22 Bheti Arabha, Zamaraini, Bheteri,
23 Avhimi, Para, Ofira, 24 Kefari Amoni, Ofini, neGebha, maguta gumi
namaviri pamwe chete nemisha yawo.
25 Ghibheoni, Rama, Bheeroti, 26 Mizipa, Kefira, Moza, 27 Rekemu,
Iripeeri, Tarara, 28 Zera, Haerefi guta ravaJebhusi, (iro Jerusarema)
Gibhea neKiriati, maguta gumi namana pamwe chete nemisha yawo.

Iyi ndiyo yakanga iri nhaka yemhuri dzaBhenjamini.

# 19

## *Mugove waSimeoni*

1 Mugove wechipiri wakapiwa kuna Simeoni, mhuri nemhuri.
Nhaka yavo yakanga iri pakati penyika yavaJudha. 2 Nhaka
yavo yaisanganisira:

Bheerishebha (kana kuti Shebha), Moradha, 3 Hazari Shuari, Bhara,
Ezemi, 4 Eritoradhi, Bheturi, Homa, 5 Zikiragi, Bheti Makabhoti, Hazari
Susa, 6 Bheti Rebhaoti neShareheni, maguta gumi namatatu nemisha
yawo;
7 Aini, Rimoni, Eteri neAshani, maguta mana nemisha yawo, 8 nemisha
yose yakanga yakapoteredza maguta ose aya kusvikira kuBhaarati
Bheeri (Rama muNegevhi).

Iyi ndiyo yakanga iri nhaka yorudzi rwavaSimeoni, mhuri
nemhuri. 9 Nhaka yavaSimeoni yakanga yatorwa pamugove
waJudha, nokuti mugove waJudha wakanga wakakura kupfuura zvavaida. Saka vaSimeoni vakapiwa nhaka mukati menyika yaJudha.

## *Mugove waZebhuruni*

10 Mugove wechitatu wakapiwa kuna Zebhuruni, mhuri nemhuri:

Muganhu wenyika yavo waisvika kuSaridhi. 11 Wainanga kumavirira
uchisvika kuMarara, ndokundobata Dhabhesheti, uye waitandavara
kusvika kurukova rwuri pedyo neJokineami. 12 Wakanga uchid-
zokera kumabvazuva uchibva kuSaridhi wakananga kumabvazuva
uchienda kunyika yeKisiroti Tabhori ndokupfuurira kuDhabherati
uchindokwidza kuJafia. 13 Ipapo wakaramba wakananga kumab-
vazuva uchienda kuGati Hefa neEti Kazini; uchindobudira paRimoni
ndokudzoka wakananga kuNea. 14 Ipapo muganhu wakapoter-
era nechokumusoro uchienda kuHanatoni ndokugumira paMupata
weIfita Eri. 15 Waisanganisirawo Katati, Naharari, Shimironi, Idhara
neBheterehema. Pakanga pane maguta gumi namaviri nemisha yawo.

16 Maguta aya nemisha yawo ndiwo akanga ari nhaka yaZebhuruni, mhuri nemhuri.

### *Mugove waIsakari*

17 Mugove wechina wakapiwa Isakari, mhuri nemhuri. 18 Nyika
yavo yaisanganisira:
Jezireeri, Kesuroti, Shunami, 19 Hafaraimi, Shioni, Anaharati, 20 Rabhiti,
Kishioni, Ebhezi, 21 Remeti, Eni Ganimi, Eni Hadha, Bheti Pazezi.
22 Muganhu waindobatawo Tabhori, Shahazuma, neBheti Shameshi
ndokuguma paJorodhani. Paiva namaguta gumi namatanhatu nemisha yawo.
23 Maguta aya nemisha yawo akanga ari nhaka yorudzi
rwaIsakari, mhuri nemhuri.

### *Mugove waAsheri*

24 Mugove wechishanu wakapiwa rudzi rwavana vaAsheri, mhuri
nemhuri. 25 Nyika yavo yaisanganisira:
Herikati, Hari, Bheteni, Akishafi, 26 Aramereki, Amadhi, neMishari.
Nechokumavirira, muganhu waibata Karimeri neShihori Ribhinati.
27 Ipapo waidzokera kumabvazuva wakananga kumusoro kuBheti
Dhagoni, ugobata Zebhuruni noMupata weIfita Eri, uye ugonanga
kumusoro kuBheti Emeki nokuNeyeri, uchipfuura Kabhuri iri nechokuruboshwe.
28 Wakananga kuAdhudhoni, Rehobhu, Hamoni
neKana, kusvikira kuSidhoni Huru. 29 Ipapo muganhu wakadzokera
kumashure wakananga kuRama ukaenda kuguta rakakomberedzwa
reTire, ndokudzokera kuHosa ukandobudira pagungwa riri mudunhu
reAkizibhi, 30 Uma, Afeki neRehobhi. Pakanga pane maguta makumi
maviri namaviri nemisha yawo.
31 Maguta aya nemisha yawo ndiwo akanga ari nhaka yorudzi
rwaAsheri, mhuri nemhuri.

### *Mugove waNafutari*

32 Mugove wechitanhatu wakapiwa kuna Nafutari, mhuri
nemhuri:
33 Muganhu wavo wakatangira paHerefi napamuti mukuru weZaananimi,
uchipfuura napaAdhoni Nekebhi, neJabhuneeri, kusvikira
paRakumi uye uchigumira paJorodhani. 34 Muganhu wakaenda
kumavirira ndokupfuura napaAzinoti Tabhori uye ukandobudira
paHukoki. Waindobata Zebhuruni nechezasi, Asheri riri kumavirira
neJorodhani rwuri kumabvazuva. 35 Maguta akanga ane masvingo
aiti Zidhimu, Zeri, Hamati, Rakati, Kinereti, 36 Adhama, Rama, Hazori,
37 Kedheshi, Edhirei, Eni Hazori, 38 Ironi, Migidhari Eri, Horemi, Bheti
Anati neBheti Shemeshi. Paiva namaguta gumi namapfumbamwe
nemisha yawo.
39 Maguta aya nemisha yawo ndiwo akanga ari nhaka yorudzi
rwaNafutari, mhuri nemhuri.

### *Mugove waDhani*

40 Mugove wechinomwe wakapiwa kurudzi rwaDhani, mhuri
nemhuri. 41 Nyika yenhaka yavo yaisanganisira:
Zora, Eshitaori, Iri Shemeshi, 42 Shaarabhini, Aijaroni, Itira, 43 Eroni,
Timuna, Ekironi, 44 Eriteke, Gibhetoni, Bhaarati, 45 Jehudhi, Bhene
Bheraki, Gati Rimoni, 46 Me Jakironi, Rakoni nenyika yakatarisana
neJopa.

47 (Asi vana vaDhani vakaomerwa nokutora nyika yavo, saka vakaenda vakandorwisa Reshemi, vakaitora, vakaibaya nomunondo, ndokugara mairi. Vakagara muReshemi ndokuitumidza kuti Dhani zita ratateguru wavo.)

48 Maguta aya nemisha yawo ndiwo akanga ari nhaka yorudzi rwaDhani, mhuri nemhuri.

### *Mugove waJoshua*

49 Pavakapedza kugoverana nyika muzvikamu zvakafanira, vaIsraeri vakapa Joshua mwanakomana waNuni nhaka yake pakati pavo,
50 sezvakanga zvarayirwa naJehovha. Vakamupa guta raakanga
akumbira, Timunati Sera panyika yamakomo yaEfuremu. Uye akavaka guta iri akagaramo.

51 Idzi ndidzo nyika dzakagoverwa nemijenya paShiro pamberi paJehovha pamukova weTende Rokusangana, nomuprista Ereazari naJoshua mwanakomana waNuni, navakuru vedzimba dzamarudzi avana vaIsraeri. Naizvozvo vakapedza kukamurakamura nyika.

## 20

### *Maguta oUtiziro*

1 Ipapo Jehovha akataura naJoshua akati, 2 "Udza vana vaIsraeri
kuti vatsaure maguta outiziro, sezvandakarayira kubudikidza naMozisi,
3 kuitira kuti ani naani anouraya munhu netsaona uye asina kuita
namaune, agone kutizira ikoko uye adzivirirwe kumutsivi weropa.
4 "Kana atizira kune rimwe ramaguta aya, anofanira kumira pasuo
reguta agorondedzera nyaya yake pamberi pavakuru veguta. Ipapo
vanofanira kumupinza muguta ravo vagomupa nzvimbo yokugara.
5 Ipapo kana mutsivi weropa akamutevera, havafaniri kutendera muurayi
kuti amubate nokuti akauraya wokwake asingaiti namaune uye asinazve
kumuvenga kubva kare. 6 Iye anofanira kugara muguta iroro kusvikira
amira pamberi peungano uyezve kusvikira muprista ari kushumira
panguva iyoyo afa. Ipapo angazodzokera kumusha kwake kwaakanga
atiza."
7 Saka vakatsaura Kedheshi muGarirea munyika yamakomo yaNafu-
tari, neShekemu munyika yamakomo yaEfuremu, neKiriati Abha (iyo
Hebhuroni) munyika yamakomo yaJudha. 8 Kurutivi rwokumabvazuva
kweJorodhani reJeriko vakatsaura Bhezeri pamatunhu akakwirira omug-
wenga rokurudzi rwaGadhi, neGorani muBhashani murudzi rwaManase.
9 MuIsraeri upi zvake kana mutorwa aigona kutizira hake kumaguta akat-
saurwa uye aisazourayiwa nomutsivi weropa asati ambomiswa pamberi
peungano.

## 21

### *Maguta avaRevhi*

1 Zvino vakuru vedzimba dzamadzibaba avaRevhi vakaenda kumuprista
Ereazari, nokuna Joshua mwanakomana waNuni, nokuvakuru vedzimba
dzamadzibaba amarudzi avana vaIsraeri. 2 PaShiro panyika yeKenani
vakati kwavari, "Jehovha akarayira kubudikidza naMozisi kuti utipe
maguta atingagara namafuro emombe dzedu."

[3] Saka sokurayira kwakanga kwaita Jehovha, vaIsraeri vakapa
vaRevhi panhaka dzavo maguta anotevera namafuro kubva
panhaka yavo:

[4] Mugove wokutanga wakapiwa vaKohati, mhuri nemhuri. VaRevhi, avo
vakanga vari zvizvarwa zvaAroni muprista, vakagoverwa nemijenya
maguta gumi namatatu kubva kumarudzi aJudha, aSimeoni naBhen-
jamini, [5] Ruzhinji rwezvizvarwa zvaKohati vakagoverwa nemijenya
maguta gumi pakati pemhuri dzamarudzi aEfuremu, aDhani nehafu
yorudzi rwaManase.
[6] Zvizvarwa zvaGerishoni zvakagoverwawo nemijenya maguta gumi
namatatu pamhuri dzorudzi rwaIsraeri, rwaAsheri, rwaNafutari,
nehafu yorudzi rwaManase muBhashani.
[7] Zvizvarwa zvaMerari zvakapiwa maguta gumi namaviri kumarudzi
aRubheni, Gadhi naZebhuruni, mhuri nemhuri.

[8] Saka vaIsraeri vakagovera maguta aya namafuro awo,
nemijenya kuvaRevhi sezvakanga zvarayirwa naJehovha
kubudikidza naMozisi.

[9] Kubva pamarudzi avaJudha navaSimeoni, vakavapa maguta akarehwa
namazita awo pano [10] (maguta aya akapiwa kuzvizvarwa zvaAroni
zvaibva kumhuri yaKohati vari vaRevhi, nokuti ndivo vakatanga
kugoverwa nemijenya):
[11] Vakavapa Kiriati Abha (iro Hebhuroni), namafuro akaripoteredza,
munyika yamakomo yaJudha. (Abha ndiye akanga ari tateguru
wavaAnaki.) [12] Asi minda nemisha yakapoteredza guta zvakanga
zvapiwa kuna Karebhu mwanakomana waJefune.
[13] Saka vakapa zvizvarwa zvomuprista Aroni Hebhuroni (guta rou-
tiziro kune anenge apomerwa mhosva yokuponda munhu), Ribhina,
[14] Jatiri, Eshitemoa, [15] Horoni, Dhebhiri, [16] Aini, Juta neBheti
Shemeshi, pamwe chete namafuro awo, maguta mapfumbamwe
kubva pamarudzi maviri aya.
[17] Kubva parudzi rwaBhenjamini, vakavapa Gibheoni, Gebha, [18] Anatoti,
neArimoni, pamwe chete namafuro awo, maguta mana.
[19] Maguta ose avaprista, izvo zvizvarwa zvaAroni muprista
akanga ari gumi namatatu, pamwe chete namafuro awo.

[20] Vamwe vose vedzimba dzavaKohati, vorudzi rwaRevhi vak-
agoverwa maguta kurudzi rwaEfuremu:
[21] Munyika yamakomo yaEfuremu vakapiwa
Shekemu (guta routiziro rouya anopomerwa mhosva yokuuraya
munhu) neGezeri, [22] Kibhizaimi neBheti Horoni, pamwe namafuro
awo, maguta mana.
[23] Uyewo kubva parudzi rwaDhani vakapiwazve
Eriteke, Gibheoni, [24] Aijaroni, neGati Rimoni pamwe chete namafuro
awo, maguta mana.
[25] Pakati kuhafu yorudzi rwaManase vakapiwa
Taanaki neGati Rimoni pamwe chete namafuro awo, maguta maviri.
[26] Maguta ose aya ari gumi pamwe chete namafuro aro akapiwa
kuna vakasara vedzimba dzaKohati.

[27] Dzimba dzavaRevhi dzokwaGerishoni dzakapiwa:
kubva kuhafu yorudzi rwaManase,
Gorani muBhashani (guta routiziro rouya anenge apomerwa mhosva yokuponda munhu) neBhe Eshitara, pamwe chete namafuro awo, maguta maviri;
[28] kubva kurudzi rwaIsakari,
Kishioni, Dhabherati, [29] Jarimuti neEni Ganimi, pamwe chete namafuro awo, maguta mana;
[30] Kubva kurudzi rwaAsheri,
Mishari, Abhudhoni, [31] Herikati neRehobhi, pamwe chete namafuro awo, maguta mana;
[32] kubva kurudzi rwaNafutari,
Kedheshi muGarirea (guta routiziro rouya anenge apomerwa mhosva yokuponda munhu), Hamoti Dhori neKaritani, pamwe chete namafuro awo, maguta matatu.
[33] Maguta ose emhuri dzavaGerishoni akanga ari gumi namatatu pamwe chete namafuro awo.

[34] Dzimba dzavaMerari (vakasara vavaRevhi) vakapiwa:
kubva kurudzi rwaZebhuruni,
Jokineami, Katira, [35] Dhimina neNaharari, pamwe chete namafuro awo, maguta mana;
[36] kubva kurudzi rwaRubheni,
Bhezeri, Jahazi, [37] Kedhemoti neMefaati, pamwe chete namafuro awo, maguta mana;
[38] kubva kurudzi rwaGadhi,
Ramoti muGireadhi (guta routiziro rouya anenge apomerwa mhosva yokuuraya munhu), [39] Heshibhoni neJazeri, pamwe chete namafuro awo, maguta mana pamwe chete.
[40] Maguta ose akanga agoverwa dzimba dzavaMerari, avo vakanga vari vaRevhi vakasara, akanga ari gumi namaviri.

[41] Maguta avaRevhi munyika yaiva yavaIsraeri aiva makumi mana namasere pamwe chete namafuro awo. [42] Rimwe nerimwe ramaguta aya rakanga rakapoteredzwa namafuro; ndizvo zvakanga zvakaita maguta ose aya.

[43] Saka Jehovha akapa vaIsraeri nyika yose yaakanga apika kuti achapa
madzitateguru avo, ikava yavo vakagara mairi. [44] Jehovha akavapa zororo
kumativi ose, sezvaakanga apikira madzitateguru avo. Hapana kana
muvengi wavo mumwe chete akamira pamberi pavo; Jehovha akaisa
vavengi vavo vose mumaoko mavo. [45] Hakuna kana chinhu chimwe chete
zvacho chezvinhu zvakanaka zvakanga zvavimbiswa naJehovha kuimba
yaIsraeri chakakona; zvose zvakazadziswa.

# 22

*Marudzi oKumabvazuva anodzokera kumusha*

[1] Zvino Joshua akadana vaRubheni navaGadhi nehafu yorudzi rwa-
Manase [2] akati kwavari, "Makaita zvose zvamakarayirwa naMozisi mu-
randa waJehovha uye makateerera zvose zvandakakurayirai. [3] Kwenguva
refu, kusvikira nhasi, hamuna kurasa hama dzenyu, asi makaita

zvamakarayirwa naJehovha Mwari wenyu. 4 Zvino Jehovha Mwari
wenyu zvaakazorodza hama dzenyu sezvaakavimbisa, imi chidzokerai
kumisha yenyu munyika yamakapiwa naMozisi muranda waJehovha
mhiri kweJorodhani. 5 Asi muchenjerere kwazvo kuti muchengete murau
nomurayiro wake, munamatire paari uye mumushumire nemwoyo yenyu
yose, uye nemweya yenyu yose.”

6 Ipapo Joshua akavaropafadza akati vaende havo, ivo vakaenda
kumisha yavo. 7 (Rudzi rwehafu rwaManase, Mozisi akanga apa nyika
yomuBhashani, uye imwe hafu yorudzi rwaManase yakapiwa nyika
naJoshua kumavirazuva pamwe chete nehama dzavo.) Joshua akati
avaendesa kumusha, akavaropafadza, 8 achiti, “Dzokerai kumisha yenyu
nepfuma yenyu zhinji, nemombe dzakawanda, nesirivha, negoridhe,
ndarira nesimbi, nenhumbi dzakawanda chose, mundogovana nehama
dzenyu zvamakapamba kuvavengi venyu.”

9 Saka vaRubheni, vaGadhi nehafu yorudzi rwaManase vakasiya vaIs-
raeri paShiro munyika yeKenani vakadzokera kunyika yeGireadhi, nyika
yavakanga vapiwa kuti ive yavo, sezvakanga zvarayirwa naJehovha
kubudikidza naMozisi.

10 Vakati vasvika paGeriroti pedyo neJorodhani munyika yeKenani,
vaRubheni, vaGadhi nehafu yorudzi rwaManase vakavaka aritari huru
kwazvo ipapo paJorodhani. 11 Zvino vaIsraeri vakati vanzwa kuti vakanga
vavaka aritari pamuganhu weKenani paGeriroti pedyo neJorodhani kudivi
reIsraeri, 12 ungano yose yavaIsraeri yakaungana paShiro kuti vaende
kundorwa navo.

13 Naizvozvo vaIsraeri vakatuma Finehasi mwanakomana womuprista
Ereazari, kunyika yeGireadhi, kuna Rubheni, naGadhi nokuhafu yorudzi
rwaManase. 14 Akatumwa iye pamwe chete navakuru vamachinda
gumi, mumwe chete akamirira rudzi rumwe chete rwavaIsraeri, mumwe
nomumwe wavo ari mukuru weimba pakati pamarudzi aIsraeri.

15 Vakati vaenda kuGireadhi, kuna Rubheni, Gadhi nehafu yorudzi rwa-
Manase, vakati kwavari, 16 “Ungano yose yaJehovha inoti, ‘Makarasirei
kutenda muna Mwari waIsraeri sezvizvi? Mungadzokera shure seiko
muchibva kuna Jehovha mukazvivakira aritari muchimumukira zvino.
17 Ko, chivi chepaPeori chakanga chisina kutiringana here? Kusvikira
pazuva ranhasi hatina kuzvichenesa pachivi ichocho kunyange zvazvo
hasha dzakawira ungano yaJehovha! 18 Ko, zvino mava kutsauka kubva
pana Jehovha here?

“ ‘Kana mukamukira Jehovha nhasi, mangwana achatsamwira ungano
yose yavaIsraeri. 19 Kana nyika yamunayo yakasvibiswa, yambukirai
kuno kunyika yaJehovha, kwakamira tabhenakeri yaJehovha mugogo-
vana nyika nesu. Asi regai kumukira Jehovha, kana kutimukira isu,
pakuzvivakira imwe aritari parutivi rwearitari yaJehovha Mwari wedu.
20 Akani mwanakomana waZera paakadarika nokusatenda pachinhu
chakatsaurwa naJehovha, kutsamwa hakuna kuwira ungano yose yaIs-
raeri here? Haasi iye oga akafira chivi chake.’ ”

21 Ipapo Rubheni, Gadhi nehafu yorudzi rwaManase vakapindura
vakuru vedzimba dzaIsraeri vakati, 22 “Iye Oga Wamasimba, Mwari,
Jehovha! Iye Oga Wamasimba, Mwari, Jehovha! Anoziva! Uye Israeri
ngaizive! Kana izvi kwanga kuri kumukira kana kusateerera Jehovha,
musatiponesa nhasi. 23 Kana takazvivakira aritari yedu kuti tifuratire
Jehovha uye kuti tipe zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvezviyo, kana

kuti tibayire zvibayiro zvokuwadzana pamusoro payo, Jehovha pachake
ngaatitonge.
24 "Kwete! Takazviita tichitya kuti rimwe zuva zvizvarwa zvenyu
zvichazoti kuzvizvarwa zvedu, 'Mune chii chokuita naJehovha Mwari
waIsraeri? 25 Jehovha akaita kuti Jorodhani uve muganhu pakati pedu
nemi, imi vaRubheni navaGadhi! Hamuna mugove muna Jehovha.' Saka
zvizvarwa zvenyu zvingangokonzera kuti zvizvarwa zvedu zvirege kutya
Jehovha.
26 "Ndokusaka takati, 'Ngatizvigadzirirei tivake aritari, asi isiri
yezvipiriso zvinopiswa kana yezvibayiro.' 27 Asi kuti ive chapupu pakati
pedu nemi uye napakati pezvizvarwa zvedu zvinotevera, kuti tichana-
mata Jehovha panzvimbo yake tsvene, nezvipiriso zvedu zvinopiswa,
nezvibayiro uye nezvipiriso zvokuwadzana. Ipapo panguva inouya
zvizvarwa zvenyu hazvingazoti kuzvizvarwa zvedu, 'Hamuna mugove
muna Jehovha.'
28 "Uye isu tikati, 'Kana vakazotaura izvo kwatiri, kana kuzvizvarwa
zvedu, tichazopindura tichiti: Tarirai muone mufananidzo wearitari
yaJehovha, wakaitwa namadzibaba edu; usiri wezvipiriso zvinopiswa
kana wokubayira ipapo, asi sechapupu pakati pedu nemi.'
29 "Ngazvirege kutomboitika kuti isu timukire Jehovha tichitsauka nhasi
kubva kwaari nokuvaka aritari yezvipiriso zvinopiswa, zvipiriso zvezviyo,
nezvibayiro kunze kwearitari yaJehovha Mwari wedu, imire pamberi
petabhenakeri yake."
30 Finehasi muprista, navatungamiri veungano, vakuru vemhuri
dzavaIsraeri, vakati vanzwa zvakanga zvataurwa naRubheni naGadhi
naManase, vakafara. 31 Zvino Finehasi mwanakomana waEreazari,
muprista, akati kuna Rubheni, Gadhi naManase, "Nhasi tinoziva kuti
Jehovha ari pakati pedu, nokuti hamuna kutadzira Jehovha pachinhu ichi.
Zvino madzikinura vana vaIsraeri paruoko rwaJehovha."
32 Ipapo Finehasi, mwanakomana waEreazari muprista, navatungamiri
vakadzokera kuKenani, vachibva kumusangano wavo navaRubheni nav-
aGadhi muGireadhi uye vakandozivisa vaIsraeri zvakanga zvaitika.
33 Vakafara kunzwa shoko iri vakarumbidza Mwari. Uye havana kuzo-
taurazve kuti vachandorwa navo, kuti vaparadze nyika yakanga igere
vaRubheni navaGadhi.
34 Zvino vaRubheni navanakomana vaGadhi vakatumidza aritari iyi
kuti: Aritari yeChapupu Pakati Pedu kuti Jehovha ndiye Mwari.

# 23

*Joshua anoonekana naVatungamiri*

1 Zvino mazuva mazhinji akati apfuura uye Jehovha akanga azorodza
vaIsraeri pavavengi vavo vose vakanga vakavapoteredza, Joshua akanga
akwegura kwazvo ava namakore mazhinji panguva iyoyo. 2 Akadana
vaIsraeri vose, vakuru vavo, navatungamiri vavo, vatongi vavo, navatariri
vavo, akati kwavari, "Ndakwegura uye ndava namakore mazhinji. 3 Imi
pachenyu makaona zvose zvakaitwa naJehovha Mwari wenyu kunyika
idzi dzose nokuda kwenyu; ndiJehovha Mwari wenyu akakurwirai.
4 Rangarirai kuti ndakakugoverai kuti ive nhaka yamarudzi enyu, nyika
yose yendudzi dzakasara, ndudzi dzandakakunda pakati peJorodhani
neGungwa Guru kumavirazuva. 5 Jehovha Mwari pachake achavadzinga
pamberi penyu. Achavabvisa pamberi penyu, uye imi muchatora nyika
yavo ive yenyu, sezvamakavimbiswa naJehovha Mwari wenyu.

[6] “Simbai kwazvo; muchenjerere kuti muteerere zvose zvakanyorwa
mubhuku romurayiro waMozisi, musingatsaukiri kurudyi kana kuru-
boshwe. [7] Musafambidzana nendudzi dzakasara pakati penyu, kana
kudana kumazita avamwari vavo, kana kupika navo. Hamufaniri
kuvashumira, kana kuvapfugamira. [8] Asi namatirai pana Jehovha Mwari
wenyu sezvamakaita kusvikira nhasi.
[9] “Jehovha akadzinga pamberi penyu ndudzi huru dzaiva nesimba, asi
kana muri imi hakuna munhu akagona kumira pamberi penyu kusvikira
nhasi. [10] Munhu mumwe chete kwamuri achadzinga vanhu vane chiuru,
nokuti Jehovha Mwari wenyu ndiye anokurwirai sezvaakavimbisa. [11] Saka
chenjererai kuti mude Jehovha Mwari wenyu.
[12] “Asi kana mukangodzokera mukandobatana navakasara vendudzi
idzi, dzigere pakati penyu uye kana mukawanana navo mukafambidzana
navo, [13] ipapo zvirokwazvo Jehovha Mwari wenyu haangazodzingi ndudzi
pamberi penyu. Asi vachava musungo neriva kwamuri, netyava kumisana
yenyu neminzwa pameso enyu, kusvikira mapera panyika ino yakanaka,
yamakapiwa naJehovha Mwari wenyu.
[14] “Zvino ini ndava kuenda nenzira yenyika yose. Imi munoziva mum-
woyo yenyu yose nomumweya yenyu yose, kuti hapana chinhu chimwe
pazvose zvakanaka zvakavimbiswa naJehovha Mwari wenyu chakakona.
[15] Asi sezvo zvakanaka zvose zvakavimbiswa naJehovha Mwari wenyu
zvakaitika, saizvozvo Jehovha achauyisa pamusoro penyu zvakaipa
zvose zvaakareva kusvikira akuparadzai panyika iyi yakanaka, yaakaku-
pai. [16] Kana mukaputsa sungano yaJehovha Mwari wenyu, yaakaku-
rayirai, mukandoshumira vamwe vamwari uye mukavapfugamira kut-
samwa kwaJehovha kuchakumukirai, mukakurumidza kuparara panyika
yakanaka yaakakupai.”

# 24

*Sungano inovandudzwa paShekemu*

[1] Ipapo Joshua akaunganidza marudzi ose aIsraeri paShekemu. Akadana
vakuru vavaIsraeri, vatungamiri, vatongi, navatariri vavo vakazviisa
pamberi paMwari.
[2] Joshua akati kuvanhu vose, “Zvanzi naJehovha Mwari waIsraeri: ‘Kare
madzitateguru enyu pamwe chete naTera, baba vaAbhurahama naNahori,
vaigara mhiri kwoRwizi vachishumira vamwe vamwari. [3] Asi ndakatora
baba wenyu Abhurahama kubva kunyika iri mhiri kweRwizi ndikamu-
fambisa munyika yose yeKenani ndikamupa vana vazhinji. Ndakamupa
Isaka, [4] uye kuna Isaka ndakapa Jakobho naEsau. Ndakapa Esau nyika
yezvikomo yeSeiri, asi Jakobho navanakomana vake vakaenda kuIjipiti.
[5] “ ‘Ipapo ndakatuma Mozisi naAroni uye ndakatambudza vaIjipita
nezvandakaita ikoko, uye ndakakubudisai. [6] Pandakabudisa madzibaba
enyu muIjipiti, vakasvika pagungwa, vaIjipita vakavatevera vaine ngoro
navatasvi vamabhiza kusvikira paGungwa Dzvuku. [7] Asi ivo vakachema
kuna Jehovha, akaisa rima pakati penyu navaIjipita; akauyisa gungwa pa-
musoro pavo rikavafukidza. Makaona nameso enyu chaiwo zvandakaita
kuvaIjipita. Ipapo makagara murenje kwenguva refu.
[8] “ ‘Ndakauya nemi kunyika yavaAmori vaigara kumabvazuva kwe-
Jorodhani. Vakakurwisai asi ndakavaisa mumaoko enyu. Ndakava-
paradza pamberi penyu, imi mukatora nyika yavo. [9] Zvino Bharaki
mwanakomana waZipori mambo weMoabhu, akati agadzirira kundorwa

naIsraeri, akatuma nhume kundodana Bharamu mwanakomana waBhe-
ori kuti akutukei. 10 Asi ini ndakaramba kunzwa Bharamu, naizvozvo
akaramba achingokuropafadzai, ini ndikakurwirai paruoko rwake.

11 “ ‘Ipapo makayambuka Jorodhani, mukasvika paJeriko. Vanhu
veJeriko vakarwa nemi, sezvakaitawo vaAmori, vaPerizi, vaKenani,
vaHiti, vaGirigashi, vaHivhi navaJebhusi, asi ndakavaisa mumaoko enyu.
12 Ndakatuma mago pamberi penyu, iwo akavadzinga pamberi penyu,
uyewo namadzimambo maviri avaAmori. Hamuna kuzviita nomunondo
wenyu kana nouta hwenyu. 13 Saka ndakakupai nyika yamusina
kushandira namaguta amusina kuvaka; uye mugere maari uye munodya
zvinobva muminda yemizambiringa nemiorivhi yamusina kusima.’

14 “Zvino ityai Jehovha uye mumushumire nokutendeka kwose. Rasai
vamwari vainamatwa namadzitateguru enyu mhiri kworwizi nokuIjipiti,
uye mushumire Jehovha. 15 Asi kana kushumira Jehovha kusingakufadzei,
zvino zvisarudzirei nhasi wamuchashumira, vamwari vaishumirwa na-
madzitateguru enyu mhiri kwoRwizi kana vamwari vavaAmori, munyika
mamugere. Asi kana ndirini neimba yangu tichashumira Jehovha.”

16 Ipapo vanhu vakapindura vachiti, “Ngazvive kure nesu kuti tisiye
Jehovha kuti tishumire vamwe vamwari! 17 Jehovha Mwari wedu pachake,
ndiye akatibudisa isu namadzibaba edu kubva muIjipiti, nyika youranda,
uye akaita zviratidzo zvikuru zvatakaona. Akatidzivirira parwendo rwedu
rwose rwatakafamba pakati pendudzi dzose dzatakapfuura nokwadziri.
18 Uye Jehovha akadzinga pamberi pedu ndudzi dzose pamwe chete
navaAmori vakanga vagere munyika ino. Nesuwo tichashumira Jehovha,
nokuti ndiye Mwari wedu.”

19 Joshua akapindura vanhu achiti, “Hamungagoni kushumira Jehovha.
NdiMwari mutsvene; ndiMwari ane godo. Haangakukanganwirei kumu-
mukira kwenyu nezvivi zvenyu. 20 Kana mukarasa Jehovha, mukashumira
vamwari vavatorwa, iye achakupindukirai agouyisa njodzi pamusoro
penyu agokuparadzai.”

21 Asi vanhu vakati kuna Joshua, “Kwete! Isu tichashumira Jehovha.”

22 Ipapo Joshua akati, “Ndimi zvapupu zvezvamaita kuti masarudza
kushumira Jehovha.” Ivo vakapindura vachiti:

“Hongu, tiri zvapupu.”

23 Joshua akati, “Naizvozvo rasai vamwari vavatorwa vari pakati penyu
murerekere mwoyo yenyu kuna Jehovha Mwari waIsraeri.”

24 Vanhu vakati kuna Joshua, “Tichashumira Jehovha Mwari wedu, uye
tichamuteerera.”

25 Pazuva iro Joshua akaitira vanhu sungano, akavadzikira mitemo
nemirayiro ipapo paShekemu. 26 Joshua akanyora mashoko aya mubhuku
romurayiro waMwari. Ipapo akatora ibwe guru akariisa pasi pomuouki,
pedyo nenzvimbo tsvene yaJehovha.

27 Akati kuvanhu vose, “Tarirai! Ibwe iri richava chapupu pamusoro
pedu. Ranzwa mashoko ose ataurwa naJehovha kwatiri. Richava chapupu
pamusoro penyu kana musina kutendeka kuna Mwari wenyu.”

### *Akavigwa muNyika yeChipikirwa*

28 Ipapo Joshua akaendesa vanhu, mumwe nomumwe kunhaka yake.

29 Mushure mezvinhu izvi Joshua mwanakomana waNuni, muranda
waJehovha, akafa ava namakore zana negumi. 30 Uye vakamuviga mun-
yika yenhaka yake, paTimunati Sera, munyika yamakomo yaEfuremu,
nechokumusoro kweGomo reGaashi.

31 VaIsraeri vakashumira Jehovha nguva dzose dzoupenyu hwaJoshua,
uye napamazuva ose avakuru vakasara vari vapenyu Joshua afa, avo
vakaona zvinhu zvose zvakanga zvaitirwa Israeri naJehovha.
32 Mapfupa aJosefa, ayo akanga auyiwa nawo navana vaIsraeri kubva
kuIjipiti, akavigwa paShekemu, munzvimbo yakanga yatengwa naJakobho
kuvanakomana vaHamori, baba vaShekemu, nezana remari yesirivha. Iyi
yakava nhaka yezvizvarwa zvaJosefa.
33 Uye Ereazari mwanakomana waAroni akafa, akavigwa paGibhea
munzvimbo yakanga yapiwa mwanakomana wake Finehasi, munyika
yamakomo yaEfuremu.

# VATONGI

*VaIsraeri vanorwa navaKenani vakasara*

1 Mushure mokufa kwaJoshua, vaIsraeri vakabvunza Jehovha vakati,
“Ndiani pakati pedu achatanga kukwidza kundorwa navaKenani?”

2 Jehovha akapindura akati, “Judha ngaaende; ndapa nyika mumaoko
ake.”

3 Ipapo varume veJudha vakati kuvaSimeoni hama dzavo, “Ngatien-
dei tose kunyika yatakagoverwa, kuti tindorwa navaKenani. Nesuwo
tichaenda nemi kumugove wenyu.” Saka vaSimeoni vakaenda navo.

4 Judha paakarwisa, Jehovha akaisa vaKenani navaPerizi mumaoko
avo uye vakauraya varume zviuru gumi paBhezeki. 5 Ipapo ndipo
pavakawana Adhoni Bhezeki vakarwa naye. 6 Adhoni Bhezeki akatiza,
asi vakamudzinganisa vakamubata, vakagura zvigunwe zvake zvikuru
zvomumaoko nezvigunwe zvake zvikuru zvomumakumbo.

7 Ipapo Adhoni Bhezeki akati, “Madzimambo makumi manomwe,
vagurwa zvigunwe zvikuru zvomumaoko nezvigunwe zvikuru zvoku-
makumbo, vakanonga zvimedu zvezvokudya pasi petafura yangu. Zvino
Mwari anditsiva pane zvandakaita kwavari.” Vakaenda naye ku-
Jerusarema akandofira ikoko.

8 Varume veJudha vakarwisawo Jerusarema vakaritora. Vakakunda guta
nomunondo uye vakaripisa.

9 Shure kwaizvozvo, varume veJudha vakaburuka vakandorwa navaKe-
nani vaigara munyika yezvikomo, kuNegevhi uye nomujinga mezvikomo
zvokumavirira. 10 Vakaenda vakandorwa navaKenani vaigara muHeb-
huroni (rainzi Kiriati Abha kare) vakakunda Sheshai, Ahimani neTarimai.
11 Vachibva ipapo, vakaenda vakandorwa navanhu vaigara muDhebhiri
(rainzi Kiriati Seferi kare.) 12 Uye Karebhu akati, “Ndichapa mwanasikana
wangu Akisa kuti ave mukadzi kumurume acharwisa uye achatapa Kiriati
Seferi.” 13 Otinieri mwanakomana waKenazi, munun’una waKarebhu,
akarikunda, saka Karebhu akapa mwanasikana wake Akisa kuti awanikwe
naye.

14 Rimwe zuva akati achisvika kuna Otinieri, akamukurudzira kuti
akumbire munda kuna baba vake. Akati aburuka pambongoro yake,
Karebhu akamubvunza akati, “Ndingakuitireiko?”

15 Iye akapindura akati, “Ndiitirei zvakanaka. Sezvo makandipa
nyika kuNegevhi, ndipeiwo matsime emvura.” Ipapo Karebhu akamupa
matsime okumusoro neezasi.

16 Zvizvarwa zvatezvara vaMozisi, vaKeni, vakakwidza vachibva kuGuta
reMichindwe vaine varume veJudha kuti vandogara pakati pavanhu
vokuGwenga reJudha riri kuNegevhi pedyo neAradhi.

17 Ipapo varume veJudha vakaenda navaSimeoni hama dzavo vakan-
dorwisa vaKenani vaigara muZefati, uye vakaparadza guta iri zvachose.
Naizvozvo rakatumidzwa kuti Horima. 18 Varume veJudha vakakundazve
Gaza, Ashikeroni neEkironi, guta rimwe nerimwe nenyika yaro.

19 Jehovha akanga ana vanhu veJudha. Vakatora nyika yezvikomo kuti
ive yavo, asi havana kugona kudzinga vanhu vaibva mumapani, nokuti
vakanga vane ngoro dzesimbi. 20 Sokuvimbisa kwaMozisi, Hebhuroni
yakapiwa kuna Karebhu, uyo akabudisa mairi vanakomana vatatu

vaAnaki. 21 Kunyange zvakadaro, vaBhenjamini vakatadza kudzinga
vaJebhusi, vaigara muJerusarema; kusvikira nhasi vaJebhusi vageremo
navaBhenjamini.
22 Zvino veimba yaJosefa vakarwisa Bheteri, uye Jehovha aiva navo.
23 Vakati vatuma vanhu kundosora Bheteri (rainzi Ruzi kare), 24 Vasori
vakaona murume achibuda muguta vakati kwaari, "Tiratidze kuti tin-
gapinda sei muguta tigokuitira zvakanaka." 25 Saka akavaratidza, uye
vakakunda guta nomunondo asi vakaponesa murume uya nemhuri yake.
26 Ipapo akaenda kunyika yavaHiti, kwaakandovaka guta akaritumidza
kuti Ruzi, rinova ndiro zita raro nanhasi.
27 Asi Manase haana kudzinga vanhu veBheti Shani kana veTanaki
kana veDhori kana veIbhireami kana veMegidho uye nenzvimbo dzavo
dzokugara dzakapoteredza, nokuti vaKenani vakanga vazvipira kuti
vagare munyika iyoyo. 28 VaIsraeri vakati vasimba vakamanikidza
vaKenani kuti vashande basa rechibharo asi havana kumbovadzinga
zvachose. 29 Uye Efuremu haana kudzingawo vaKenani vaigara muGeeri,
asi vaKenani vakaramba vagere pakati pavo. 30 NaZebhuruniwo haana
kudzinga vaKenani vaigara muKitironi kana muNaharori, avo vakaramba
vagere pakati pavo; asi vakaita kuti vaite basa rechibharo. 31 Uye Asheri
haanawo kudzinga vaya vaigara muAko kana veSidhoni kana Ahirabhi
kana Akizibhi kana Heribha kana Afeki kana Rehobhi, 32 uye nokuda
kwaizvozvo vanhu veAsheri vakagara pakati pavaKenani avo vaigara
munyika. 33 Nafutari haana kudzinga avo vaigara muBheti Shemeshi kana
muBheti Anati; asi vaNafutari vakagarawo pakati pavaKenani vaigara
munyika, uye vaya vaigara muBheti Shemeshi neBheti Anati vakava
vashandi vebasa rechibharo. 34 VaAmori vakasundira vaDhani kunyika
yezvikomo, vakasavatendera kuburuka kuti vauye kumapani. 35 Uye
vaAmori vakashingirira kuti varambe vari muGomo reHeresi, Aijaroni
neShaaribhimi, asi simba reimba yaJosefa rakati richiwanda, naivowo
vakamanikidzwa kushanda basa rechibharo. 36 Muganhu wavaAmori
waibva paMupata weChinyavada uchisvika kuSera uye uchipfuurira
mberi.

# 2

### *Mutumwa waJehovha paBhokimi*

1 Mutumwa waJehovha akakwidza achibva kuGirigari akaenda kuB-
hokimi akati, "Ndakakubudisai kubva muIjipiti uye ndikakutungamirirai
munyika yandakapikira madzitateguru enyu. Ndakati, 'Handichazombop-
utsi sungano yangu nemi, 2 uye imi musazoita sungano navanhu venyika
ino, asi munofanira kuputsa aritari dzavo.' Asi hamuna kunditeerera.
Makaitireiko izvozvo? 3 Naizvozvo zvino ndinokuudzai kuti handichazo-
vadzingi pamberi penyu, vachava minzwa kumativi enyu uye vamwe vavo
vachava musungo kwamuri."
4 Mutumwa waJehovha akati ataura zvinhu izvi kuvaIsraeri vose, vanhu
vakachema kwazvo, 5 uye vakatumidza nzvimbo iyo kuti Bhokimi. Ipapo,
vakabayira zvipiriso kuna Jehovha.

### *Kusateerera noKukundwa*

6 Shure kwokunge Joshua ati vaIsraeri vaende, vakaenda vakandotora
nyika, mumwe nomumwe kunhaka yake. 7 Vanhu vakashumira mazuva
ose okurarama kwaJoshua uye napamazuva avakuru vakasara vari

vapenyu uye vakanga vaona zvinhu zvikuru zvose zvakanga zvaitirwa
Israeri naJehovha.

8 Joshua mwanakomana waNuni, muranda waJehovha, akafa ava
namakore zana negumi rimwe chete. 9 Uye vakamuviga munyika yenhaka
yake, paTiminati Heresi munyika yezvikomo yeEfuremu, kumusoro
kweGomo reGaashi.

10 Mushure mokunge chizvarwa chake chose chasanganiswa namadz-
ibaba acho, chimwe chizvarwa chakanga chisingazivi Jehovha kana
zvaakanga aitira Israeri chakamuka. 11 Ipapo vaIsraeri vakaita zvakaipa
pamberi paJehovha uye vakashumira vanaBhaari. 12 Vakarasa Jehovha,
Mwari wamadzibaba avo, akanga avabudisa kubva muIjipiti. Vakat-
evera uye vakanamata vamwari vakasiyana-siyana vendudzi dzakanga
dzakavapoteredza. Vakatsamwisa Jehovha, 13 nokuti vakamurasa uye
vakashumira Bhaari navaAshitoreti. 14 Mukutsamwira kwake vaIs-
raeri, Jehovha akavaisa mumaoko avapambi avo vakazovapamba. Aka-
vatengesa kuvavengi vavo vakanga vakavapoteredza, avo vavakanga va-
sisagoni kudzivisa. 15 Pose paienda Israeri kundorwa, ruoko rwaJehovha
rwairwa navo kuti ruvakunde, sezvaakanga apika kwavari. Vakanga vari
munhamo huru.

16 Ipapo Jehovha akavamutsira vatongi vakavaponesa kubva mumaoko
avapambi ava. 17 Kunyange zvakadaro havana kuzoteerera kuvatongi
vavo asi vakaita ufeve navamwe vamwari uye vakavanamata. Ha-
vana kuita samadzibaba avo, nokuti vakakurumidza kutsauka munzira
yaifamba madzibaba avo, nzira yokuteerera kumirayiro yaJehovha.
18 Pose pavaimutsirwa mutongi naJehovha, iye aiva nomutongi uyo,
uye aivaponesa kubva mumaoko avavengi vavo, mutongi paainge achiri
mupenyu; nokuti Jehovha ainge avanzwira ngoni pavaigomera vari pasi
pavaya vaivadzvinyirira uye vachivarwadzisa. 19 Asi mutongi paainge
afa, vanhu vaidzokera kunzira dzakaipisisa kupinda dziya dzamadzibaba
avo, vachitevera vamwe vamwari, vachivashandira uye vachivanamata.
Vakaramba kusiya mabasa avo akaipa nokusindimara kwemwoyo yavo.

20 Naizvozvo Jehovha akavatsamwira zvikuru akati, “Nemhaka yokuti
rudzi urwu rwakaputsa sungano yangu yandakaita namadzitateguru
avo uye vakasanditeerera, 21 handichadzingizve pamberi pavo rudzi
rupi zvarwo rwedzimwe ndudzi dzakasiyiwa naJoshua pakufa kwake.
22 Ndichavashandisa kuti vaedze vaIsraeri, kuti ndione kuti vachachengeta
here nzira yaJehovha vagofamba mairi sezvakaitwa namadzitateguru
avo.” 23 Jehovha akatendera ndudzi idzo kuti dzisare; haana kudzidzinga
pakarepo uye haana kudziisa mumaoko aJoshua.

# 3

1 Idzi ndidzo ndudzi dzakasiyiwa naJehovha kuti aedze vaIsraeri
vaya vose vakanga vasina kumboziva kana hondo ipi zvayo muKenani,
2 (akaita izvi bedzi kuti adzidzise zvehondo kuzvizvarwa zvavaIsraeri izvo
zvakanga zvisina kumborwa hondo): 3 vatongi vashanu vavaFiristia, vaKe-
nani vose, vaSidhoni, uye vaHivhi vaigara mumakomo eRebhanoni kubva
paGomo reBhaari Herimoni kusvikira kuRebho Hamati. 4 Vakasiyiwa
kuti vaedze vaIsraeri kuti aone kana vaizoteerera mirayiro yaJehovha,
yaakanga apa madzitateguru avo kubudikidza naMozisi.

5 VaIsraeri vakagara pakati pavaKenani, vaHiti, vaAmori, vaPerezi,
vaHivhi navaJebhusi. 6 Vakatora vanasikana vavo kuti vave vakadzi vavo

uye vakapa vanasikana vavowo kuvanakomana vavo, uye vakashumira
vamwari vavo.

### *Otinieri*

7 VaIsraeri vakaita zvakaipa pamberi paJehovha; vakakanganwa Je-
hovha Mwari wavo vakashumira vaBhaari navaAshera. 8 Kutsamwa kwa-
Jehovha kwakapisa pamusoro paIsraeri zvokuti akavatengesa mumaoko
aKushani-Rishataimi mambo weAramu Naharaimu, avo vakashandirwa
navaIsraeri kwamakore masere. 9 Asi vakati vachema kuna Jehovha,
akavamutsira musununguri, Otinieri mwanakomana waKenazi, mu-
nun'una waKarebhu, uyo akavaponesa. 10 Mweya waJehovha wakauya
pamusoro pake kuti ave mutongi weIsraeri uye akaenda kuhondo.
Jehovha akaisa Kushani-Rishataimi mambo wavaAramu mumaoko aO-
tinieri, akamukunda. 11 Saka nyika yakava norugare kwamakore makumi
mana, kusvikira Otinieri mwanakomana waKenazi afa.

### *Ehudhi*

12 VaIsraeri vakaitazve zvakaipa pamberi paJehovha, uye nokuda
kwokuti vakaita zvakaipa izvi, Jehovha akapa simba kuna Egironi mambo
weMoabhu kuti akunde Israeri. 13 Egironi akatora vaAmoni navaAmareki
kuti vaende naye kundorwisa Israeri, uye vakatora Guta reMichindwe
kuti rive ravo. 14 VaIsraeri vakava varanda vaEgironi mambo weMoabhu
kwamakore gumi namasere.

15 VaIsraeri vakachemazve kuna Jehovha, iye akavapa musununguri,
Ehudhi murume aiva neziboshwe, mwanakomana waGera muBhen-
jamini. VaIsraeri vakamutuma nomutero kuna Egironi mambo we-
Moabhu. 16 Zvino Ehudhi akanga aita munondo wakarodzwa kumativi ose
uchikarosvika kubhiti rimwe chete* pakureba kwawo waakanga akasun-
gira pasi penguo dzake pachidya chake chokurudyi. 17 Akapa mutero kuna
Egironi mambo weMoabhu, murume akanga akafuta kwazvo. 18 Mushure
mokunge Ehudhi apa mutero, akati vanhu vakanga vauya vakatakura
mutero wacho vaende. 19 Pazvifananidzo zvaiva pedyo neGirigari iye
pachake akadzoka akati, "Ndine shoko renyu rakavanzika, imi mambo."

Mambo akati, "Nyararai!" uye varanda vake vose vakamusiya.

20 Ipapo Ehudhi akaswedera kwaari iye agere ari oga muimba yake
yapamusoro yomuzinda wake wenguva yezhizha akati, "Ndine shoko
renyu rabva kuna Mwari," Mambo akati achisimuka achibva pachigaro
chake, 21 Ehudhi akatambanudza ruoko rwake rworuboshwe, akavhomora
munondo kubva pachidya chake chokurudyi akaunyudza mudumbu
ramambo. 22 Kunyange chibato chomunondo chakanyura chichitevera
chese, ukandobuda nokumusana kwake. Ehudhi haana kuvhomora
munondo, uye mafuta akaputira pamusoro pawo. 23 Ipapo Ehudhi
akabuda akaenda kubiravira; akapfiga mikova yeimba yapamusoro shure
kwake akaikiya.

24 Mushure mokuenda kwake, varanda vakasvika vakawana mikova
yeimba yapamusoro yakiyiwa. Ivo vakati, "Anofanira kunge achimbozvi-
zorodza zvake ari mukamuri romukati reimba." 25 Vakarindira kusvikira
vanyadziswa nazvo asi paakarega kuzarura mikova yekamuri, vakatora
kiyi vakaikiyinura. Onei ipapo ishe wavo akawira pasi, afa.

26 Vachakamirira, Ehudhi akaenda. Akapfuura napazvifananidzo aka-
punyuka akaenda kuSeira. 27 Akati asvika ikoko, akaridza hwamanda ari

* **3:16** 3:16 0.5 yemita

munyika yezvikomo yaEfuremu, uye vaIsraeri vakaburuka naye vachibva
kuzvikomo, iye achivatungamirira.
28 Akati kwavari, "Nditeverei, nokuti Jehovha aisa Moabhu muvengi
wenyu, mumaoko enyu." Saka vakaburuka vakamutevera, uye vaka-
tora mazambuko eJorodhani okuenda kuMoabhu, vakasatendera munhu
kuyambuka. 29 Panguva iyoyo vakauraya zviuru zvinenge gumi zvava-
Moabhu, vose vakanga vakagwinya uye vane simba; hapana akapunyuka.
30 Zuva iroro Moabhu yakava pasi peIsraeri, uye nyika yakava norugare
kwamakore makumi masere.

*Shamuga*

31 Shure kwaEhudhi kwakauya Shamuga mwanakomana waAnati, uyo
akauraya vaFiristia mazana matanhatu norutanda rwokubaya narwo
mombe. Naiyewo akaponesa Israeri.

# 4

*Dhibhora*

1 Shure kwokufa kwaEhudhi, vaIsraeri vakaitazve zvakaipa pamberi
paJehovha. 2 Saka Jehovha akavatengesa mumaoko aJabhini, mambo
weKenani, aitonga ari muHazori. Mukuru wehondo yake akanga ari
Sisera, uyo aigara muHarosheti Hagoyimi. 3 Nokuda kwokuti akanga
ane ngoro dzesimbi mazana mapfumbamwe uye akadzvinyirira vaIsraeri
zvakaipisisa kwazvo kwamakore makumi maviri, vakachemera rubatsiro
kuna Jehovha.
4 Dhibhora, muprofitakadzi, mukadzi waRapidhoti, akanga achi-
tungamirira vaIsraeri panguva iyoyo. 5 Aitonga mhaka ari pasi po-
Muchindwe waDhibhora pakati peRama neBheteri munyika yezvikomo
yaEfuremu, uye vaIsraeri vaiuya kwaari kuzotongerwa mhosva dzavo.
6 Akatuma shoko kuna Bharaki mwanakomana waAbhinoami aibva
kuKadheshi muNafutari akati kwaari, "Jehovha, Mwari waIsraeri anoku-
rayira kuti, 'Enda undotora zviuru gumi zvavarume veNafutari neveZeb-
huruni ugovatungamirira kuGomo reTabhori. 7 Ndichakwezva Sisera,
mukuru wehondo yaJabhini, nengoro dzake uye namauto ake kuRwizi
rweKishoni ndigomuisa mumaoko ako.' "
8 Bharaki akati kwaari, "Kana imi mukaenda neni, ini ndichaenda; asi
kana musingaendi neni, neni handingaendi."
9 Dhibhora akati, "Zvakanaka hazvo, ndichaenda newe. Asi nokuda
kwenzira yauri kuda kuita nayo izvi, kukudzwa hakungavi kwako, nokuti
Jehovha achaisa Sisera muruoko rwomukadzi." Saka Dhibhora akaenda
naBharaki kuKadheshi, 10 uko kwaakandodana Zebhuruni naNafutari.
Varume zviuru gumi vakamutevera, naDhibhorawo akaenda navo.
11 Zvino Hebheri muKeni akanga asiya vamwe vaKeni, zvizvarwa
zvaHobhabhi, hanzvadzi yomukadzi waMozisi akandodzika tende rake
pamuti mukuru muZaananimi pedyo neKadheshi.
12 Vakati vaudza Sisera kuti Bharaki mwanakomana waAbhinoami
akanga akwidza kuGomo reTabhori, 13 Sisera akaunganidza pamwe chete
ngoro dzesimbi mazana mapfumbamwe navarume vose vaaiva navo,
kubva kuHarosheti Hagoyimi kusvikira kuRwizi rweKishoni.
14 Ipapo Dhibhora akati kuna Bharaki, "Enda! Iri ndiro zuva rapiwa
Sisera mumaoko ako naJehovha. Ko, Jehovha haasi mberi kwako here?"
Saka Bharaki akaburuka muGomo reTabhori, achiteverwa navarume zvi-
uru gumi. 15 Pakungofamba kwaBharaki, Jehovha akakunda nomunondo

Sisera nengoro dzake dzose nehondo yake, uye Sisera akasiya ngoro
yake akatiza netsoka. 16 Asi Bharati akatevera ngoro nehondo yaSisera
akandosvika kuHarosheti Hagoyimi. Mauto ose aSisera akaurayiwa
nomunondo; hapana munhu akasara.
17 Kunyange zvakadaro hazvo, Sisera akatiza netsoka akaenda kutende
raJaeri, mukadzi waHebheri muKeni, nokuti pakati paJabhini mambo
weHazori nemhuri yaHebheri pakanga pane kunzwanana.
18 Jaeri akabuda kuti andosangana naSisera akati kwaari, "Uyai ishe
wangu, pindai zvenyu mukati chaimo. Musatya." Saka akapinda mutende
rake, uye akaisa chifukidzo pamusoro pake.
19 Akati, "Ndine nyota. Ndapota, ndipeiwo mvura." Akadziura guchu
romukaka, akamupa kuti anwe, ndokubva amufukidza hake.
20 Akatizve kwaari, "Mira pamukova wetende. Kana mumwe munhu
akauya pano akakubvunza achiti, 'Pano munhu here pano?' uti, 'Kwete.' "
21 Asi Jaeri, mukadzi waHebheri, akatora mbambo yetende nenyundo
akaenda paari chinyararire, iye akafa nehope, aneta. Akaroverera
mbambo napachavovo, ikanyura muvhu, akafa.
22 Bharaki akasvika achitevera Sisera, uye Jaeri akabuda kundo-
muchingamidza, achiti, "Uyai, ndizokuratidzai munhu wamuri kutsvaka."
Saka akapinda naye mukati, onei hoyo Sisera avete uye mbambo yetende
iri muchavovo chake, afa.
23 Pazuva iro, Mwari akakunda Jabhini, mambo wavaKenani, pamberi
pavaIsraeri. 24 Uye ruoko rwavaIsraeri rwakaramba ruchiwedzera simba
pakurwisa Jabhini, mambo wavaKenani kusvikira vamuparadza.

# 5

*Rwiyo rwaDhibhora*

1 Nomusi uyo Dhibhora naBharaki mwanakomana waAbhinoami
vakaimba rwiyo urwu runoti:

2 "Kana machinda aIsraeri achitungamirira,
kana vanhu vachizvipira pachavo
Jehovha ngaarumbidzwe!"

3 "Inzwai izvi, imi madzimambo! Teererai imi vatongi!
Ndichaimbira Jehovha, ini ndichaimba;
ndichaimbira Jehovha, Mwari waIsraeri.

4 "Haiwa Jehovha, pamakabuda kubva muSeiri,
pamakafamba muchibva munyika yeEdhomu, Nyika
yakadengenyeka, matenga akadurura,
makore akadurura mvura pasi.
5 Makomo akadengenyeka pamberi paJehovha, Iye weSinai,
pamberi paJehovha, Mwari weIsraeri.

6 "Mumazuva aShamugari mwanakomana waAnati,
mumazuva aJaeri, migwagwa yakasiyiwa;
vafambi vakafamba nenzira dzinopoterera.
7 Upenyu hwomumisha hwakapera,
hwakapera kusvikira ini Dhibhora, ndasimuka,
ndasimuka ini mai muIsraeri.

8 Pavakasarudza vamwari vatsva,
hondo yakauya ichibva nokumasuo eguta,
uye hakuna nhoo kana pfumo zvakaonekwa
pakati pezviuru makumi mana muIsraeri.
9 Mwoyo wangu uri pamachinda eIsraeri,
navaya vanozvipira pakati pavanhu.
Rumbidzai Jehovha!

10 "Imi munotasva mbongoro chena,
mugere pamachira ezvigaro zvenyu,
nemi munofamba munzira,
cherechedzai 11 inzwi ravaimbi panzvimbo dzemvura.
Vanodetemba mabasa akarurama aJehovha,
Mabasa akarurama avarwi vake muIsraeri.

"Ipapo vanhu vaJehovha vakaburuka
vakaenda kusuo reguta.
12 'Muka, muka, Dhibhora! Muka,
muka, uimbe rwiyo!
Simuka, Bharaki!
Tapa vatapwa vako, iwe mwanakomana waAbhinoami.'

13 "Ipapo varume vakanga vasara
vakaburuka vakaenda kumakurukota;
vanhu vaJehovha vakauya
kwandiri navane simba.
14 Vamwe vakauya vachibva kwaEfuremu, midzi yavo yakanga iri muna Amareki;
Bhenjamini akanga ari pakati pavanhu vakakutevera iwe.
Kubva kuna Makiri vatungamiri vakaburuka,
kubva kuZebhuruni avo vanotakura tsvimbo yomutungamiri wehondo.
15 Machinda aIsakari akanga ana Dhibhora;
hongu Isakari akanga ana Bharaki,
vachimhanyira kumupata vachimutevera.
Mudunhu raRubheni makanga muno kunzvera kwomwoyo kukuru.
16 Seiko wakagara pakati pezvoto kuti
unzwe muridzo unoridzirwa matanga emakwai?
Mudunhu raRubheni makanga
muno kunzvera kwomwoyo kukuru.
17 Gireadhi akagara mhiri kwaJorodhani.
Uye Dhani akasarireiko pazvikepe?
Asha akasara zvake pamahombekombe
Uye akagara zvake panopinda mvura dzegungwa.
18 Vanhu veZebhuruni vakaisa upenyu hwavo panjodzi;
neNafutari yakadarowo panzvimbo dzakakwirira dzeminda.

19 "Madzimambo akauya, akarwa;
madzimambo eKenani akarwa
paTaanaki pamvura zhinji yeMegidho,
asi havana kudzoka vakatakura sirivha, kana zvakapambwa.
20 Kubva kumatenga nyeredzi dzakarwa,
dziri panzira dzadzo dzakarwa naSisera.

21 Rwizi Kishoni rwakavakukura,
irwo rwizi rwakare, rwizi Kishoni.
Pfuurira mberi, mweya wangu, simba!
22 Ipapo mahwanda amabhiza akatinhira,
kumhanya, kumhanya kwoune simba.
23 Mutumwa waJehovha akati, 'Tuka Merozi.
Tuka vanhu varo zvikuru kwazvo,
nokuti havana kuuya kuzobatsira Jehovha,
kubatsira Jehovha kurwisa vane simba.'

24 "Jaeri ngaave mukadzi akaropafadzwa zvikuru,
iye mukadzi waHebheri muKeni,
akaropafadzwa kwazvo kupfuura vakadzi vagere mutende.
25 Akakumbira mvura, iye akamupa mukaka;
akamuvigira mukaka wakakora mundiro yakafanira makurukota.
26 Ruoko rwake rwakatambanudzirwa pambambo yetende,
ruoko rwake rworudyi kunyundo yomuvezi.
Akabaya Sisera, akapwanya musoro wake,
akapwanya uye akabvoora zvavovo zvake.
27 Patsoka dzake, akanyura,
akawa; hoyo akatandavarapo.
Patsoka dzake akanyura, akawa;
paakanyura, ndipo paakawira, akafa.

28 "Napawindo mai vaSisera vakadongorera;
vari seri kworutanda, vakadanidzira vachiti,
'Seiko ngoro yake yanonoka kusvika?
Seiko kurira kwengoro dzake kwanonoka?'
29 Vakadzi vokwake vakachenjera kukunda vose vanomupindura;
zvirokwazvo, anoramba achiti,
30 'Ko, havasi kuwana nokugoverana zvakapambwa here vachiti,
musikana mumwe chete kana vaviri pamurume mumwe chete,
nguo dzina mavara dzezvakapambwa zvaSisera,
nguo dzina mavara dzakarukwa,
nguo dzakanyatsorukwa dzomutsipa wangu,
zvose izvi zviri zvakapambwa?'

31 "Saka vavengi venyu vose ngavaparare, imi Jehovha!
Asi vanokudai ngavave sezuva
parinobuda nesimba raro."
Ipapo nyika yakava norugare kwamakore makumi mana.

# 6

*Gidheoni*

1 VaIsraeri vakaitazve zvakaipa pamberi paJehovha, uye akavaisa
mumaoko avaMidhiani kwamakore manomwe. 2 Nokuda kwokuti ruoko
rwavaMidhiani rwakavadzvinyirira kwazvo, vaIsraeri vakazvigadzirira
nzvimbo dzokuvanda mumakomo, mumapako uye nenhare. 3 VaIsraeri
vaingoti vakadyara mbeu dzavo, vaMidhiani, vaAmareki navamwe vanhu
vokumabvazuva, vaiuya kuzorwisa nyika yavo. 4 Vakadzika misasa
yavo munyika uye vakaparadza zvirimwa kubva kuGaza yose, uye

havana kusiyira vaIsraeri chinhu, makwai, mombe kana mbongoro.
5 Vakauya nezvipfuwo zvavo namatende avo vakawanda sechimokoto
chemhashu. Zvakanga zvisingagoneki kuti uverenge vanhu nengamera
dzavo; vakapinda munyika kuti vaiparadze. 6 VaMidhiani vakaita kuti
vaIsraeri vave varombo zvokuti vakachema kuna Jehovha kuti avabatsire.

7 VaIsraeri vakati vachema kuna Jehovha nokuda kwavaMidhiani,
8 Akatuma muprofita, akati kwavari, "Zvanzi naJehovha: Mwari waIsraeri:
Ndakakubudisai kubva muIjipiti, munyika youtapwa. 9 Ndakakubvutai
kubva musimba reIjipiti, nokubva muruoko rwavadzvinyiriri venyu vose.
Ndakavadzinga pamberi penyu ndikakupai nyika yavo. 10 Ndakati kwa-
muri, 'Ndini Jehovha Mwari wenyu, musanamata vamwari vavaAmori,
vamugere munyika yavo.' Asi hamuna kunditeerera."

11 Mutumwa waJehovha akauya akagara pasi pomuouki muOfira ra-
Joashi muAbhiezeri, paipurwa gorosi naGidheoni mwanakomana wake
muchisviniro chewaini, kuti aivanze kubva kuvaMidhiani. 12 Mutumwa
waJehovha akati azviratidza kuna Gidheoni, akati kwaari, "Jehovha
anewe, iwe murume wesimba noumhare."

13 Gidheoni akapindura akati, "Asika, ishe wangu, kana Jehovha anesu,
seiko izvi zvose zvakaitika kwatiri? Zvishamiso zvake zvose zviripiko
zvatakaudzwa namadzibaba edu pavakati, 'Jehovha haana kutibudisa
muIjipiti here?' Asi zvino Jehovha akatisiya uye akatiisa muruoko
rwavaMidhiani."

14 Jehovha akatendeukira kwaari akati, "Enda nesimba raunaro uponese
Israeri muruoko rwavaMidhiani. Handizini ndakutuma here?"

15 Gidheoni akabvunza akati, "Asika Ishe, ndingaponesa Israeri seiko?
Imba yangu ndiyo dukusa maManase, uye ini ndiri mudukusa mumhuri
yangu."

16 Jehovha akapindura akati, "Ndichava newe, uye iwe uchauraya
vaMidhiani vose pamwe chete."

17 Gidheoni akapindura akati, "Zvino kana ndawana nyasha pam-
beri penyu, ndipei chiratidzo kuti ndizive kuti ndimi munotaura neni.
18 Ndapota hangu, musabva pano kusvikira ndadzoka uye ndauya
nechipiriso changu ndigochiisa pamberi penyu."

Uye Jehovha akati, "Ndichamira pano kusvikira wadzoka."

19 Gidheoni akapinda, akandogadzira mbudzana, uye akaita chingwa
chisina kuviriswa cheefa* youpfu hwakatsetseka. Akaisa nyama mudengu
uye muto wayo akauisa muhari, akabuda nazvo akazvipa kwaari pasi
pomuouki.

20 Mutumwa waMwari akati kwaari, "Tora nyama nechingwa chisina
mbiriso, uzviise paruware urwu, uye ugodirapo muto wacho." Uye
Gidheoni akaita saizvozvo. 21 Mutumwa waJehovha akagunzva nyama
nechingwa chisina mbiriso nomuromo wetsvimbo yaiva muruoko rwake.
Moto wakabuda paruware, ukapisa nyama nechingwa. Ipapo mutumwa
waJehovha akanyangarika. 22 Gidheoni akati aziva kuti akanga ari
mutumwa waJehovha, akadanidzira akati, "Maiwe, Ishe Jehovha! Ndaona
mutumwa waJehovha chiso nechiso!"

23 Asi Jehovha akati kwaari, "Rugare! Usatya. Hausi kuzofa."

24 Saka Gidheoni akavakira Jehovha aritari ipapo akaitumidza kuti
Jehovha Ndiye Rugare. Nanhasi ichakamirapo muOfira ravaAbhiezeri.

* **6:19** 6:19 marita angaita 22

25 Usiku hwacho ihwohwo Jehovha akati kwaari, "Tora hando yechipiri kubva pamombe dzababa vako iyo ina makore manomwe. Uputsire pasi aritari yababa vako yaBhaari uye ugotema danda raAshera riri pairi.
26 Ipapo ugovakira Jehovha Mwari wako aritari kwayo pamusoro penhare iyi. Utore hando yechipiri ugoibayira sechipiriso chinopiswa uchishandisa huni dzedanda raAshera rawakatema."

27 Saka Gidheoni akatora varanda vake gumi akaita sezvaakaudzwa naJehovha. Asi nokuda kwokuti akanga achitya vemhuri yake uye navanhu vomuguta, akaita izvi usiku pano kuzviita masikati.

28 Vanhu vomuguta vakati vachimuka mangwanani, vakaona heyo aritari yaBhaari yakaputswa, nedanda raAshera parutivi rwayo rakatemwa, uye hando yechipiri yakabayirwa paaritari itsva yakanga yavakwa!

29 Vakabvunzana vakati, "Ndianiko aita izvi?"

Vakati vanyatsoferefeta, vakaudzwa kuti, "Gidheoni mwanakomana waJoashi ndiye aita izvi."

30 Vanhu vomuguta vakati kuna Joashi, "Budisa mwanakomana wako. Anofanira kufa, nokuti akaputsa aritari dzaBhaari uye akatema danda raAshera parutivi payo."

31 Asi Joashi akapindura ungano yakanga ine hasha kwazvo yakamukomberedza akati, "Ko, imi munoda kurwira Bhaari here? Muri kuda kuedza kumuponesa here? Ani naani achamurwira achaurayiwa mangwanani ano! Kana Bhaari ari mwari chaiye, anogona kuzvidzivirira kana mumwe munhu achiputsa aritari yake."
32 Saka pazuva iroro vakatumidza Gidheoni zita rokuti, "Jerubhi-Bhaari," vachiti, "Bhaari ngaarwe naye, nokuti akaputsa aritari yaBhaari."

33 Zvino vaMidhiani, vaAmareki navamwe vanhu vokumabvazuva vakabatana vakayambuka Jorodhani vakandodzika matende avo muMupata weJezireeri.
34 Ipapo mweya waJehovha wakauya pamusoro paGidheoni, uye akaridza hwamanda, achidana vaAbhiezeri kuti vamutevere.
35 Akatuma nhume munyika yose yaManase, achivakoka kuhondo, uyewo muAsheri, Zebhuruni neNafutari, kuti naivowo vakwidze kundosangana navo.

36 Gidheoni akati kuna Mwari, "Kana muchizoponesa Israeri noruoko rwangu sezvamakavimbisa,
37 tarirai, ndichaisa chisumbu chewuru paburiro. Kana dova rikava pachisumbu chewuru chete uye pasi pose pakaoma, ipapo ndichaziva kuti muchaponesa Israeri noruoko rwangu, sezvamakareva."
38 Uye izvi ndizvo zvakaitika. Gidheoni akamuka mangwanani ezuva rakatevera; akasvina chisumbu chewuru akabudisa dova, akazadza mbiya nemvura.

39 Ipapo Gidheoni akati kuna Mwari, "Musanditsamwira henyu. Regai ndiite hangu chimwezve chikumbiro. Nditenderei ndiedzezve nechisumbu chewuru. Panguva ino itai kuti chisumbu chewuru chiome asi pasi pose pafukidzwe nedova."
40 Usiku ihwohwo Mwari akaita izvozvo. Wuru yakanga yakaoma; pasi pose pakanga pakafukidzwa nedova.

# 7

*Gidheoni anokunda vaMidhiani*

1 Mangwanani-ngwanani, Jerubhi-Bhaari (ndiye Gidheoni) navanhu vose vaiva naye vakadzika matende avo patsime raHarodhi. Musasa wavaMidhiani wakanga uri nechokumusoro kwavo mumupata waiva pedyo nechikomo cheMore.
2 Jehovha akati kuna Gidheoni, "Varume

vaunavo vakawandisa kuti ini ndiise vaMidhiani mumaoko avo. Kuti
vaIsraeri varege kuzvikudza pamberi pangu vachiti, simba ravo ndiro
ravaponesa, 3 zivisa vanhu izvozvi kuti, 'Ani naani ari kudedera nokutya
ngaadzoke hake abve paGomo reGireadhi.' " Saka varume vanosvika
zviuru makumi maviri nezviviri vakabva, kukasara zviuru gumi.

4 Asi Jehovha akati kuna Gidheoni, "Vanhu vachakangowandisa. Enda
navo kumvura, uye ini ndichavasanangurira ikoko. Kana ndikati, 'Uyu
achaenda newe,' ndiye achaenda; asi kana ndikati, 'Uyu haafaniri kuenda
newe,' iyeye haaendi."

5 Saka Gidheoni akatora varume akaburuka navo kumvura. Je-
hovha akamuudza ikoko kuti, "Paradzanisa avo vanonwa mvura
vachikapa norurimi rwavo sezvinoita imbwa kubva kuna avo vanonwa
vakapfugama." 6 Zvino uwandu hweavo vakanwa vachikapa, vachiisa
maoko kumiromo yavo, hwakasvika mazana matatu. Vamwe vose
vakanwa vakapfugama namabvi avo.

7 Jehovha akati kuna Gidheoni, "Namazana matatu avarume vanwa
mvura vachikapa ava, ndichakuponesai uye ndichaisa vaMidhiani mu-
maoko enyu. Vamwe vanhu vose ngavaende zvavo, mumwe nomumwe
kunzvimbo yake." 8 Saka Gidheoni akaendesa vamwe vose vavaIsraeri
kumatende avo asi akasara namazana matatu, avo vakazotora mbuva
nehwamanda dzavaya vamwe.

Zvino musasa wavaMidhiani wakanga uri nechezasi mumupata. 9 Usiku
ihwohwo, Jehovha akati kuna Gidheoni, "Simuka, buruka uende ku-
musasa, nokuti ndiri kuzouisa mumaoko ako. 10 Asi kana uchitya
kuenda, buruka uende kumusasa naPura muranda wako. 11 Uchanzwa
zvavanotaura. Shure kwaizvozvo uchanzwa kukurudzirwa kuti urwise
musasa." Saka iye naPura muranda wake vakaburuka vakasvika
kuvarindi vokunze kwomusasa. 12 VaMidhiani, vaAmareki navamwe
vanhu vose vokumabvazuva vakanga vagara mumupata, vakawanda
semhashu. Ngamera dzavo dzakanga dzisingaverengeki, dzakawanda
sejecha remahombekombe egungwa.

13 Gidheoni akasvika mumwe munhu achiri kurondedzera shamwari
yake kurota kwake, achiti, "Ndarota chingwa chakaurungana chichikun-
gurukira mumusasa wavaMidhiani. Charova tende nesimba guru zvokuti
tende rakudubuka rikawa."

14 Shamwari yake yakapindura ikati, "Hachingavi chimwe chinhu kunze
kwomunondo waGidheoni mwanakomana waJoashi, muIsraeri. Mwari
aisa vaMidhiani nomusasa wose mumaoko ake."

15 Gidheoni akati anzwa kurota uku nokududzirwa kwokurota kwa-
cho, akanamata Mwari. Akadzoka kumusasa wavaIsraeri akadanidzira
achiti, "Simukai! Jehovha aisa musasa wavaMidhiani mumaoko enyu."
16 Akakamura varume mazana matatu akavaisa mumapoka matatu, akaisa
hwamanda nezvirongo zvisina chinhu, asi mwenje mukati, mumaoko avo.

17 Akati kwavari, "Mutarise kwandiri uye mutevedzere zvandi-
noita. Pandinosvika kumucheto kwomusasa, mubve maita sezvandinoita.
18 Kana ini navose vandinavo tikaridza hwamanda dzedu, ipapo imi
mose makapoteredza musasa muridzewo dzenyu mugodanidzira muchiti,
'Rwirai Jehovha naGidheoni!' "

19 Gidheoni navarume zana vaiva naye vakasvika kumucheto
kwomusasa pakutanga kwenguva yapakati pousiku yokurinda,
pachangoiswa mumwe murindi. Vakaridza hwamanda dzavo uye
vakaputsa zvirongo zvaiva mumaoko avo. 20 Mapoka matatu akaridza

hwamanda uye akaputsawo zvirongo. Vakabata mwenje mumaoko avo
oruboshwe uye vakabata noruoko rworudyi hwamanda dzavaizoridza,
vakadanidzira vachiti, “Munondo waJehovha nowaGidheoni!” 21 Murume
mumwe nomumwe akaramba ari panzvimbo yake vakapoteredza musasa,
vaMidhiani vose vakamhanya vachiridza mhere, vachitiza.

22 Vane mazana matatu pavakaridza hwamanda, Jehovha akaita kuti
varume vose mumusasa vapandukirane, vabayane neminondo yavo.
Hondo yakatizira kuBheti Shita yakananga kuZerera kusvikira kumu-
ganhu weAbheri Mehora pedyo neTabhati. 23 VaIsraeri vakadanwa
kubva kuNafutari, Asheri neManase yose, uye vakatevera vaMidhiani.
24 Gidheoni akatuma nhume munyika yose yezvikomo yaEfuremu achiti,
“Burukai tindorwa navaMidhiani titore mvura zhinji dzeJorodhani mberi
kwavo kusvikira kuBheti Bhara.”

Saka varume vose veEfuremu vakadanwa uye vakatora mvura zhinji
dzeJorodhani kusvikira kuBheti Bhara. 25 Vakatapawo vatungamiri vaviri
vavaMidhiani, Orebhi naZeebhi. Vakauraya Orebhi paruware rwaOrebhi,
uye Zeebhi vakamuurayira pachisviniro chewaini chaZeebhi. Vakatevera
vaMidhiani uye vakauya nemisoro yaOrebhi naZeebhi kuna Gidheoni,
akanga ari paJorodhani.

# 8

### *Zebha naZarumuna*

1 Zvino vaEfuremu vakabvunza Gidheoni vakati, “Makatibatireiko
zvakadai? Makaregerei kutidana pamakaenda kundorwa navaMidhiani?”
Uye vakamutsoropodza zvikuru.

2 Asi akavapindura akati, “Ko, chii chandaita kuti ndizvienzanise
nemi? Handiti zvakanongwa zvamazambiringa aEfuremu zviri nani
kupfuura mukohwo uzere wamazambiringa aAbhiezeri? 3 Mwari akaisa
Orebhi naZeebhi, vatungamiri vavaMidhiani mumaoko enyu. Ko, ini
ndaizokwanisa kuitei kuti ndienzaniswe nemi?” Ipapo, kutsamwa kwavo
pamusoro pake kwakaserera.

4 Gidheoni navanhu vake mazana matatu, vakaramba vachingotevera,
vakasvika kurwizi Jorodhani uye vakaruyambuka havo, asi vakanga
vaneta kwazvo. 5 Akati kuvarume veSukoti, “Ipai henyu mauto angu
chingwa; vaneta, uye ndichiri kutevera Zebha naZarumuna, madzimambo
eMidhiani.”

6 Asi machinda eSukoti akati, “Matova namaoko aZebha naZarumuna
mumaoko enyu here? Ko, tingapirei chingwa kumauto enyu?”

7 Ipapo Gidheoni akapindura akati, “Nokuda kwaizvozvo, Jehovha
paanongoisa Zebha naZarumuna muruoko rwangu, ini ndichabvambura
nyama yenyu neminzwa yomurenje uye norukato.”

8 Kubva ipapo akaenda kuPenieri vakaita chikumbiro chimwe chetecho,
asi naivowo vakapindura sezvakaita varume veSukoti. 9 Saka iye
akati kuvarume vePenieri, “Pandinodzoka ndakunda, ndichakoromora
shongwe iyi.”

10 Zvino Zebha naZarumuna vakanga vari muKarikori vaine hondo
yavarume zviuru gumi nezvishanu, vose vakanga vasara pahondo ya-
vanhu vokumabvazuva; varume vomunondo zviuru makumi maviri
vakanga vafa. 11 Gidheoni akakwidza nenzira yavaigara mumatende kum-
abvazuva kweNobha neJogibheha vakandokunda hondo yakanga isina
chayakatarisira. 12 Zebha naZarumuna, madzimambo maviri eMidhiani,
vakatiza, asi akavatevera akavabata, akakunda hondo yavo yose.

[13] Gidheoni mwanakomana waJoashi akadzoka kubva kuhondo na-
paMupata weHeresi. [14] Akabata jaya rokuSukoti uye akaribvunza, uye
jaya rikanyora pasi mazita amachinda makumi manomwe navanomwe
vokuSukoti, vakuru veguta. [15] Ipapo Gidheoni akasvika akati ku-
varume veSukoti, "Havano vanaZebha naZarumuna, vaya vamakandis-
eka muchiti, 'Ko, watova namaoko aZebha naZarumuna kare here?
Tinopireiko chingwa kuvanhu vako vaneta ava?' " [16] Akatora vakuru
veguta akadzidzisa varume veSukoti chidzidzo nenzira yokuvaranga ne-
minzwa yomurenje uye norukato. [17] Akakoromorawo shongwe yePenieri
uye akauraya varume vomuguta.

[18] Ipapo akabvunza Zebha naZarumuna akati, "Varume vamakauraya
paTabhori vakanga vakadiniko?"

Vakapindura vakati, "Varume vakaita semi, mumwe nomumwe
airatidzika somwanakomana wamambo."

[19] Gidheoni akati, "Ivavo vakanga vari vanun'una vangu vanako-
mana vamai vangu chaivo. Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, dai
makanga mavaponesa, ini handaizokuurayai." [20] Akatendeukira kuna
Jeta mwanakomana wake mukuru, akati, "Vauraye!" Asi Jeta haana
kuvhomora munondo wake, nokuti akanga achiri mukomana uye aitya.

[21] Zebha naZarumuna vakati, "Uyai muzviite imi. 'Munhu sezvaari
ndizvo zvakaita simba rake.' " Saka Gidheoni akaswedera akavauraya, uye
akatora zvishongo kubva mumitsipa yengamera dzavo.

### *Efodhi yaGidheoni*

[22] VaIsraeri vakati kuna Gidheoni, "Titonge iwe, mwanakomana wako
nomuzukuru wako nokuti wakatiponesa kubva muruoko rwavaMidhiani."

[23] Asi Gidheoni akati kwavari, "Ini handingakutongei, uye mwanako-
mana wangu haangakutongei. Jehovha ndiye achakutongai." [24] Uye akati,
"Ndine chikumbiro chimwe chete, chokuti mumwe nomumwe wenyu
andipe mhete yomunzeve kubva pamugove wezvamakapamba." (Yakanga
iri tsika yavaIshumaeri yokushonga mhete dzegoridhe dzomunzeve.)

[25] Vakapindura vakati, "Tichafara kudzipa kwamuri." Saka vakawaridza
nguo pasi, uye murume mumwe nomumwe akakanda mhete yezvaaka-
pamba pamusoro payo. [26] Uremu hwemhete dzegoridhe dzaakakumbira
hwakasvika mashekeri chiuru chimwe namazana manomwe*, pasingav-
erengwi zvishongo, uketani, nguo dzepepuru dzaipfekwa namadzimambo
eMidhiani kana uketani hwakanga huri pamitsipa yengamera dzavo.
[27] Gidheoni akaita nazvo efodhi yegoridhe iyo yaakaisa muOfira, guta rake.
VaIsraeri vose vakaita ufeve nokuinamata ipapo, uye yakava musungo
kuna Gidheoni nokumhuri yake.

### *Kufa kwaGidheoni*

[28] Naizvozvo vaMidhiani vakakundwa pamberi pavaIsraeri uye havana
kuzosimudzazve musoro wavo. Pamazuva okurarama kwaGidheoni,
nyika yakava norugare kwamakore makumi mana.

[29] Jerubhi-Bhaari mwanakomana waJoashi akadzokerazve kundogara
kumusha kwake. [30] Akanga ana vanakomana vake chaivo makumi
manomwe, nokuti akanga ana vakadzi vazhinji. [31] Murongo wake,
aigara muShekemu, akamuberekerawo mwanakomana, akamutumidza
kuti Abhimereki. [32] Gidheoni mwanakomana waJoashi akafa akwegura
zvikuru uye akavigwa muguva rababa vake Joashi muOfira ravaAbhiezeri.

---

* **8:26** 8:26 makirogiramu angaita 19.5

33 Gidheoni akati achangofa, vaIsraeri vakafevazve vakatevera vaBhaari.
Vakamisa Bhaari Bheriti samwari wavo uye 34 havana kurangarira
Jehovha Mwari wavo, akanga avanunura kubva mumaoko avavengi vavo
kumativi ose. 35 Vakatadza kuitira mhuri yaJerubhi-Bhaari (iye Gidheoni)
zvakanaka pazvinhu zvose zvakanaka zvaakanga avaitira.

# 9

*Abhimereki*

1 Abhimereki mwanakomana waJerubhi-Bhaari akaenda kuhanzvadzi
dzamai vake vaiva muShekemu akati kwavari uye nokuna vose veimba
yamai vake, 2 "Bvunzai vose vanogara muShekemu kuti, 'Zviri nani
kwamuri ndezvipi: Kuti mutongwe navanakomana vose vaJerubhi-Bhaari
vari makumi manomwe kana kungotongwa nomunhu mumwe chete?'
Murangarire kuti ini ndiri nyama neropa renyu."
3 Hanzvadzi dzamai vake dzakarondedzerazve zvose izvi kuvagari
veShekemu, vakada kutevera Abhimereki, nokuti vakati, "Ihama yedu."
4 Vakamupa mashekeri esirivha makumi manomwe* aibva mutemberi
yaBhaari-Bheriti, uye Abhimereki akaishandisa kutenga varume vakanga
vakaipa uye vasina tsitsi, vakava vateveri vake. 5 Akaenda kuimba
yababa vake muOfira uye akaponda paruware rumwe chete vanakomana
vababa vake makumi manomwe, ivo vanakomana vaJerubhi-Bhaari. Asi
Jotamu, muduku pane vose kuvanakomana vaJerubhi-Bhaari, akapunyuka
nokuti akavanda. 6 Ipapo vagari vose vomuShekemu nokuBheti Miro
vakaungana parutivi pomuti mukuru pambiru iri muShekemu kuti
vagadze Abhimereki samambo.
7 Jotamu akati azvinzwa, akakwira pamusoro peGomo reGerizimu
akadanidzira kwavari akati, "Nditeererei imi vagari veShekemu, kuti
Mwari agoteerera kwamuri. 8 Rimwe zuva miti yakabuda kundozodza
mambo wayo. Vakati kumuti womuOrivhi, 'Iva mambo wedu.'
9 "Asi muti womuOrivhi wakapindura ukati, 'Ko, ndingada kusiya
mafuta angu, anoremekedzwa nezvose, vamwari navanhu, kuti ndinozen-
gaira hangu pamusoro pemiti here?'
10 "Shure kwaizvozvo, miti yakati kumuonde, 'Uya uzova mambo wedu.'
11 "Asi muonde wakapindura ukati, 'Ndingada hangu kusiya muchero
wangu, wakanaka kudai uye unotapira, kuti ndinozengaira pamusoro
pemiti here?'
12 "Ipapo miti ikati kumuzambiringa, 'Uya uzova mambo wedu.'
13 "Asi muzambiringa wakapindura ukati, 'Ndingada hangu kusiya
waini yangu inofadza vose vamwari navanhu, kuti ndinozengaira pamu-
soro pemiti here?'
14 "Pakupedzisira, miti yose yakati kurukato, 'Uya uve mambo wedu.'
15 "Rukato rukati kumiti, 'Kana muchida kundizodza kuti ndive mambo
wenyu zvirokwazvo, uyai muvande pamumvuri wangu; asi kana zvisizvo,
moto ngaubude murukato ugopisa misidhari yeRebhanoni!'
16 "Zvino kana imi makaita zvinokudzwa uye zvakatendeka pamakaita
Abhimereki mambo, uye kana makaita zvakanaka kuna Jerubhi-Bhaari
nokumhuri yake, uye kana makamubata sezvaanofanira, 17 uye nokufunga
kuti baba vangu vakakurwirai, vakaisa upenyu hwavo panjodzi kuti
vakununurei kubva muruoko rweMidhiani 18 (asi nhasi mapandukira

* **9:4** 9:4 0.8 yekirogiramu

mhuri yababa vangu, mukaponda vanakomana vavo makumi manomwe padombo rimwe chete, uye mukaisa Abhimereki, mwanakomana womurandakadzi wavo kuti ave mambo pamusoro pavagere muShekemu
nokuda kwokuti ihama yenyu), 19 kana zvino makaita norukudzo uye nokutenda kwakanaka kuna Jerubhi-Bhaari nemhuri yake, nhasi Ab-
himereki ngaave mufaro wenyu, nemiwo muve wakewo! 20 Asi kana musina kudaro, moto ngaubude kubva kuna Abhimereki, uye uparadze imi, vagari veShekemu neBheti Miro, uye moto ngaubude kwamuri, vagari veShekemu neBheti Miro, ugoparadza Abhimereki!"

21 Ipapo Jotamu akatiza, akapunyukira kuBheeri, uye akagara ikoko nokuti akanga achitya mukoma wake Abhimereki.

22 Shure kwamakore matatu aAbhimereki achitonga Israeri, 23 Mwari
akatuma mweya wakaipa pakati paAbhimereki navagari vomuShekemu,
ukanyengera Abhimereki. 24 Mwari akaita izvi kuitira kuti zvakaipa zvakaitirwa vanakomana makumi manomwe vaJerubhi-Bhaari, kuteurwa kweropa ravo, kutsiviwe pamusoro pomunun'una wavo Abhimereki uye napamusoro pavagari veShekemu, avo vakanga vamubatsira kuponda
vanakomana vababa vake. 25 Mukumurwisa kwavo, vagari ava veShekemu vakaisa varume pamusoro pezvikomo kuti vavandire nokupamba mumwe nomumwe aipfuura, uye izvi zvakaziviswa kuna Abhimereki.

26 Zvino Gaari mwanakomana waEbhedhi akaenda navanun'una vake
kundogara muShekemu, uye vagari vomo vakavimba naye. 27 Vakaenda kuminda vakandounganidza mazambiringa vakaasvina uye vakaita mutambo. Vakapinda mutemberi yamwari wavo, vakadya vakanwa uye
vakatuka Abhimereki. 28 Ipapo Gaari mwanakomana waEbhedhi akati, "Abhimereki ndianiko uye Shekemu ndianiko, kuti tive varanda vake? Ko, haazi mwanakomana waJerubhi-Bhaari, uye Zebhuri haazi mutevedzeri wake here? Shandirai vanhu vaHamori, baba vaShekemu! Seiko
tichishandira Abhimereki? 29 Dai chete vanhu ava vanga vari pasi pangu! Ipapo ndaimubvisa. Ndaizoti kuna Abhimereki, 'Dana hondo yako yose!' "

30 Zebhuri mubati weguta akati anzwa zvakataurwa naGaari mwanako-
mana waEbhedhi, akatsamwa zvikuru. 31 Akatuma nhume kuna Abhimereki muchivande achiti, "Gaari mwanakomana waEbhedhi uye navanun'una vake vakasvika kuShekemu uye vari kukuchidzira guta
kuti rikurwisei. 32 Saka zvino, usiku, imi navanhu venyu munofanira
kuzovandira muri muminda. 33 Panguva dzamangwanani, zuva robuda, mupinde murwise guta. Panouya Gaari navanhu vake kuti vabude kuzorwa nemi, muite zvose zvamunogona noruoko rwenyu."

34 Saka Abhimereki namauto ake akasimuka usiku akaenda kun-
zvimbo dzakavanda pedyo neShekemu mumapoka mana. 35 Zvino Gaari mwanakomana waEbhedhi akanga abuda uye akanga amire pamukova wamasuo eguta apo Abhimereki navarwi vake vakasimuka pavakanga vakavanda.

36 Gaari akati achivaona, akati kuna Zebhuri, "Tarira, vanhu vari kuburuka kubva pamusoro pamakomo!"

Zebhuri akapindura akati, "Uri kuona mimvuri yamakomo savanhu iwe."

37 Asi Gaari akadanidzirazve akati, "Tarira vanhu vari kuburuka kubva pakati penyika, rimwe boka riri kubva nenzira yomuti wavavuki."

38 Ipapo Zebhuri akati kwaari, "Kutaura kwako kukuru kuripiko zvino, iyewe waiti, 'Abhimereki ndianiko kuti isu tive varanda kwaari?' Handiti ava ndivo vanhu vawaizvidza here? Chibuda undorwa navo!"

39 Saka Gaari akabuda akatungamirira vanhu veShekemu akarwa
naAbhimereki. 40 Abhimereki akamudzinganisa uye vazhinji vakafa
vakuvadzwa mukutiza uku nzira yose kusvikira pamukova wokupinda
pasuo reguta. 41 Abhimereki akagara muAruma, uye Zebhuri akadzinga
Gaari navanun'una vake muShekemu.

42 Fume mangwana vanhu veShekemu vakabuda vakaenda kuminda,
uye izvi zvakaziviswa kuna Abhimereki. 43 Saka akatora vanhu
vake, akavakamura akavaisa mumapoka matatu akavandira musango.
Akati achiona vanhu vachibuda muguta, akasimuka kuti avarwise.
44 Abhimereki namapoka aakanga anawo vakamhanyira pamukova
wokupinda pasuo reguta. Ipapo mapoka maviri akamhanyira vaya
vakanga vari kuminda vakavauraya. 45 Zuva rose iroro, Abhimereki
akarwisa kwazvo guta kusvikira aritapa uye auraya vanhu varo. Ipapo
akaparadza guta uye akakusha munyu pamusoro paro.

46 Vachinzwa izvi vagari vomushongwe yeShekemu, vakapinda
munhare dzetemberi yaEri-Bheriti. 47 Abhimereki akati anzwa kuti
vakanga vakaungana ipapo, 48 Iye navanhu vake vose vakakwira mu-
Gomo reZarimoni. Akatora demo akagura matavi, akaasimudza akaaisa
pamapfudzi ake. Akarayira varume vaaiva navo akati, “Kurumidzai! Itai
zvamandiona ndichiita!” 49 Saka varume vose vakagura matavi vakatev-
era Abhimereki. Vakaatutira pamusoro penhare ndokuitungidza nomoto
vanhu vari mukati. Saka vanhu vose vaiva mushongwe yeShekemu,
varume navakadzi vanenge chiuru chimwe chete vakafawo.

50 Shure kwaizvozvo Abhimereki akaenda kuTebhezi akarikomba uye
akaritapa. 51 Kunyange zvakadaro, mukati meguta makanga mune
shongwe yakasimba, munova ndimo makatizira varume vose navakadzi,
navanhu vose veguta. Vakazvikiyira mukati vakakwira padenga reshon-
gwe. 52 Abhimereki akaenda kushongwe iyo uye akairwisa. Asi
akati achiswedera pamukova weshongwe kuti aipise nomoto, 53 mukadzi
akakanda guyo pamusoro pake rikatsemura dehenya rake.

54 Pakarepo akadana mutakuri wenhumbi dzake dzokurwa akati,
“Vhomora munondo wako undiuraye, kuti vasazoti, ‘Akaurayiwa no-
mukadzi.’ ” Saka muranda wake akamubaya akafa. 55 VaIsraeri vakati
vaona kuti Abhimereki afa, vakaenda kumusha.

56 Naizvozvo Jehovha akatsiva kuipa kwaAbhimereki kwaakaita kuna
baba vake nokuponda vanakomana vababa vake makumi manomwe.
57 Mwari akaitawo kuti varume veShekemu varipe zvakaipa zvavo
zvose. Kutuka kwaJotamu, mwanakomana waJerubhi-Bhaari kwakauya
pamusoro pavo.

# 10

### *Tora*

1 Shure kwenguva yaAbhimereki murume weIsraeri, Tora mwanako-
mana waPua, mwanakomana waDhodho, akasimuka kuti aponese Is-
raeri. Akanga achigara muShamiri munyika yezvikomo yeEfuremu.
2 Akatungamirira Israeri kwamakore makumi maviri namatatu, ipapo
akafa, uye akavigwa muShamiri.

### *Jairi*

3 Akazoteverwa naJairi muGireadhi, uyo akatungamirira Israeri kwa-
makore makore makumi maviri. 4 Akanga ana vanakomana makumi

matatu, vaitasva mbongoro makumi matatu. Vaitonga maguta makumi
matatu muGireadhi, ayo anodaidzwa nhasi kunzi Havhoti Jairi. 5 Jairi
paakafa, akavigwa muKamoni.

### *Jefuta*

6 VaIsraeri vakaitazve zvakaipa pamberi paJehovha. Vakashumira
vanaBhaari, vanaAshitoreti, navamwari veAramu, vamwari veSidhoni,
vamwari veMoabhu, vamwari vavaAmoni navamwari vavaFiristia. Uye
nokuti vaIsraeri vakasiya Jehovha vakasazomushumirazve, 7 iye akavat-
samwira. Akavatengesa mumaoko avaFiristia neavaAmoni, 8 avo vaka-
vanetsa uye vakavapwanya mugore iroro. Vakadzvinyirira vaIsraeri vose
vakanga vari nechokumabvazuva kweJorodhani muGireadhi, munyika
yavaAmori, kwamakore gumi namasere. 9 VaAmoni vakayambukawo
Jorodhani kuti vandorwa neJudha, Bhenjamini uye neimba yaEfuremu;
uye vaIsraeri vakashushikana zvikuru. 10 Ipapo vaIsraeri vakachema
kuna Jehovha vakati, "Takakutadzirai nokuti takarasa Mwari wedu uye
tikashumira vaBhaari."

11 Jehovha akapindura akati, "Pamakadzvinyirirwa navaIjipita,
vaAmori, vaAmoni, vaFiristia, 12 vaSidhoni, vaAmareki, navaMaoni uye
mukachema kwandiri kuti ndikubatsirei, handina kukuponesai mumaoko
avo here? 13 Asi imi makandirasa mukashumira vamwe vamwari, saka
handichadi kukuponesaizve. 14 Endai mundochema kuna vamwari
vamakasarudza. Ngavakuponesei pamunenge mava kutambudzika!"

15 Asi vaIsraeri vakati kuna Jehovha, "Takatadza hedu. Tiitirei zvose
zvamunoona kuti zvakanaka kwamuri, asi tapota tinunurei henyu nhasi."
16 Ipapo vakarasa vamwari vatorwa pakati pavo vakashumira Jehovha.
Uye haana kuzotenderazve kutambudzika kweIsraeri.

17 VaAmoni pavakadanwa kuhondo uye vakadzika musasa muGireadhi,
vaIsraeri vakaungana vakadzika musasa paMizipa. 18 Vatungamiri
vavanhu veGireadhi vakati kuno mumwe nomumwe wavo, "Ani naani
achatanga kundorwa navaAmoni ndiye achava mukuru wavose vanogara
muGireadhi."

## 11

1 Jefuta muGireadhi, akanga ari murwi ane simba. Baba vake
vainzi Gireadhi; mai vake vakanga vari chifeve. 2 Mukadzi waGireadhi
akamuberekerawo vanakomana, uye vakati vakura, vakadzinga Jefuta.
Vakati, "Iwe hauna nhaka ipi zvayo yauchawana mumhuri yedu, nokuti
uri mwanakomana womumwe mukadzi." 3 Saka Jefuta akatiza kubva pa-
vanun'una vake akandogara munyika yeTobhi, uko kwaakandounganirwa
navarume vakaipa uye vakamutevera.

4 Mushure menguva yakati kuti, vaAmoni vakarwa navaIsraeri, 5 Vakuru
veGireadhi vakaenda kundotora Jefuta kubva kunyika yeTobhi. 6 Vakati,
"Uya uzova mutungamiri wehondo, kuti tigorwa navaAmoni."

7 Jefuta akati kwavari, "Hamuna kundivenga here mukandidzinga
mumba mababa vangu? Sei mava kuuya kwandiri zvino, imi mava
munhamo?"

8 Vakuru veGireadhi vakati kwaari, "Zvisinei hazvo, isu hedu tiri
kudzokera kwamuri iye zvino; handei tose kundorwa navaAmoni, uye
muchava mukuru wedu pamusoro pavose vagere muGireadhi."

9 Jefuta akapindura akati, “Ngatimboti madzokera neni kundorwa
navaAmoni uye Jehovha akavapa kwandiri, ndichava mukuru wenyu
zvechokwadi here?”

10 Vakuru veGireadhi vakapindura vakati, “Jehovha ndiye chapupu
chedu; zvirokwazvo tichaita sezvaunoreva.” 11 Saka Jefuta akaenda
navakuru veGireadhi, vanhu vakamuita mukuru wavo uye nomu-
tungamiri wehondo. Uye akadzokorora mashoko ake ose pamberi
paJehovha muMizipa.

12 Ipapo Jefuta akatuma nhume kuna mambo wavaAmoni nomubvunzo
wokuti, “Mhosva yamunayo nesu ndeyeiko zvamunorwisa nyika yedu?”

13 Mambo wavaAmoni akapindura nhume dzaJefuta achiti, “VaIsraeri
pavakabuda muIjipiti, vakatora nyika yangu kubva kuArinoni kusvikira
kuJabhoki, kwose nokuJorodhani. Zvino idzosei norugare.”

14 Jefuta akatumazve nhume kuna mambo wavaAmoni 15 achiti,

“Zvanzi naJefuta: Israeri haina kutora nyika yeMoabhu kana nyika
yavaAmoni. 16 Asi pavakabuda muIjipiti, Israeri yakaenda nomurenje
kusvikira kuGungwa Dzvuku uye nokumusoro kuKadheshi. 17 Ipapo
Israeri yakatuma nhume kuna mambo weEdhomu, ichiti, ‘Titendereiwo
kupfuura nomunyika yenyu,’ asi mambo weEdhomu akaramba kunzwa.
Vakatumawo nhume kuna mambo weMoabhu, naiyewo akaramba.
Saka vakagara paKadheshi.

18 “Shure kwaizvozvo vakafamba nomurenje, vachitenderera nyika
dzeEdhomu neMoabhu, vakandodzika musasa kuno rumwe rutivi
rweArinoni. Havana kupinda munyika yeMoabhu, nokuti Arinoni
waiva muganhu wayo.

19 “Ipapo vaIsraeri vakatuma nhume kuna Sihoni mambo wavaAmori,
akanga achitonga muHeshibhoni, akati kwaari, ‘Titendereiwo kupfuura
nomunyika yenyu tichienda kunzvimbo yedu.’ 20 Kunyange zvakadaro,
Sihoni haana kuvimba navaIsraeri kuti vapfuure nomunyika yake.
Akaunganidza vanhu vake vose vakandodzika musasa paJahazi uye
vakarwa navaIsraeri.

21 “Ipapo Jehovha, Mwari waIsraeri, akaisa Sihoni navanhu vake vose
mumaoko avaIsraeri, uye vakavakunda. Israeri yakatora nyika yose
yavaAmori vaigara munyika iyo, 22 vakaitapa yose kubva paArinoni
kusvikira kuJabhoki uye kubva kurenje kusvikira kuJorodhani.

23 “Zvino sezvo Jehovha, Mwari waIsraeri akadzinga vaAmori pamberi
pavanhu vake Israeri, iwe une kodzero ipi yokuti uitore? 24 Ko,
hautori here zvaunopiwa namwari wako Kemoshi? Naizvozvo zvose
zvatinopiwa naJehovha Mwari wedu, ndizvo zvatichatora. 25 Ko, iwe
uri nani kupfuura Bharaki mwanakomana waZipori mambo weMoabhu
here? Akambopopotedzana navaIsraeri kana kurwa navo here?
26 Israeri yakagara muHeshibhoni, Aroeri, nemisha yakapoteredza uye
namaguta ose akatarisana neArinoni. Wakaregereiko kuatora panguva
iyoyo? 27 Ini handina kukutadzira asi iwe ndiwe wava kundikanganisira
nokuda kurwa neni. Jehovha, iye mutongi ngaatonge, ngaatonge gakava
iri nhasi riri pakati pavaIsraeri navaAmoni.”

28 Kunyange zvakadaro, mambo weAmoni, haana kuteerera nhume
dzaJefuta dzaakatuma.

29 Ipapo Mweya waJehovha wakauya pamusoro paJefuta. Akayam-
buka Gireadhi neManase, akapfuura napaMizipa yeGireadhi, uye kubva
ipapo akafamba akandorwa navaAmoni. 30 Uye Jefuta akaita mhiko

kuna Jehovha akati, "Kana mukaisa vaAmoni mumaoko angu, 31 chose
chichabuda napamukova weimba yangu kuzosangana neni pakudzoka
kwangu ndakunda vaAmoni, chichava chaJehovha, uye ndichachibayira
sechipiriso chinopiswa."

32 Ipapo Jefuta akabuda kundorwa navaAmoni, uye Jehovha akavapa
mumaoko ake. 33 Akaparadza maguta makumi maviri kubva kuAroeri
kusvikira pedyo neMiniti, akandoguma kuAbheri Keramimi. Nokudaro
Israeri yakakunda Amoni.

34 Jefuta akati odzokera kumusha kwake kuMizipa, ndiani akazouya kuzomuchingamidza kunze kwomwanasikana wake, achitamba, matambureni achiridzwa! Ndiye akanga achingova mwana wake oga. Akanga asina mwanakomana kana mwanasikana kunze kwake iye oga.
35 Akati achimuona akabvarura nguo dzake uye akachema achiti, "Haiwa
mwanasikana wangu! Wandishungurudza nokuti ndaita mhiko kuna
Jehovha yandisingagoni kuputsa."

36 Akapindura akati, "Baba vangu, mapa shoko renyu kuna Jehovha. Ndiitirei henyu sezvamakavimbisa, sezvo zvino Jehovha akatsivira
vavengi venyu, ivo vaAmoni. 37 Asi nditenderei henyu chikumbiro
chimwe chete ichi. Ndipei henyu mwedzi miviri kuti ndiende
kuzvikomo ndinochema pamwe chete neshamwari dzangu, nokuti handichazowanikwi."

38 Iye akati, "Ungaenda hako." Uye akamutendera kuti aende
kwemwedzi miviri. Iye navamwe vasikana vakaenda kuzvikomo vakandochema nokuti akanga asingazombowanikwi. 39 Shure kwemwedzi
miviri akadzoka kuna baba vake uye vakaita kwaari sezvavakanga vapika.
Uye akanga ari mhandara.

Ndipo pakabva tsika yavaIsraeri 40 yokuti gore rimwe nerimwe,
vanasikana veIsraeri vanobuda kwamazuva mana kundoita chirangaridzo
chomwanasikana waJefuta muGireadhi.

# 12

*Jefuta neEfuremu*

1 Varume veEfuremu vakadana varwi vavo, vakayambuka mhiri
vakaenda kuZafani vakandoti kuna Jefuta, "Wakaendereiko kundorwa
navaAmoni ukasatidana kuti tiende newe? Tichapisa imba yako iwe uri
mukati."

2 Jefuta akapindura akati, "Ini navanhu vangu takanga tiri pakurwisana
kukuru navaAmoni, uye kunyange ndakadana, imi hamuna kundiponesa
kubva mumaoko avo. 3 Pandakaona kuti hamusi kuda kubatsira, ndakaisa
upenyu hwangu mumaoko angu ndikayambuka kundorwa navaAmoni,
uye Jehovha akandipa kukunda pamusoro pavo. Zvino mauyireiko nhasi
kuzorwa neni?"

4 Ipapo Jefuta akaunganidza varume veGireadhi akarwa neEfuremu.
VaGireadhi vakavauraya nokuti vaEfuremu vakanga vati, "Imi vaGireadhi
muri vanhu vakatiza kubva kuna Efuremu naManase." 5 VaGireadhi
vakatora mazambuko eJorodhani aienda kuEfuremu, uye upi noupi
wavakasara veEfuremu aiti akati, "Regai hangu ndiyambukire mhiri,"
varume veGireadhi vaimubvunza vachiti, "Uri muEfuremu here?" Kana
akapindura achiti, "Kwete," 6 vaiti, "Zvakanaka, iti, 'Shibhoreti.'" Kana
akati, "Sibhoreti" nokuda kwokuti akanga asingagoni kureva shoko iro
zvakanaka, vaimubata vomuuraya pamazambuko eJorodhani. Zviuru
makumi mana nezviviri zvavaEfuremu zvakaurayiwa panguva iyoyo.

[7] Jefuta akatungamirira vaIsraeri kwamakore matanhatu. Ipapo Jefuta
muGireadhi akafa, uye akavigwa muguta riri muGireadhi.

*Ibhizani, Eroni naAbhudhoni*

[8] Shure kwake, Ibhizani weBheterehema akatungamirira Israeri.
[9] Akanga ana vanakomana makumi matatu uye vanasikana makumi
matatu. Akawanisa vanasikana vake kuvanhu vakanga vasiri vorudzi
rwake, uye akavigira vanakomana vake vanasikana vakanga vasiri
vorudzi rwake makumi matatu kuti vave vakadzi vavo. Ibhizani
akatungamirira Israeri kwamakore manomwe. [10] Ipapo Ibhizani akafa,
uye akavigwa muBheterehema.

[11] Shure kwake, Eroni muZebhuruni akatungamirira vaIsraeri kwa-
makore gumi. [12] Ipapo Eroni akafa, uye akavigwa muAijaroni munyika
yaZebhuruni.

[13] Shure kwake, Abhudhoni mwanakomana waHireri aibva kuPiratoni,
akatungamirira Israeri. [14] Akanga ana vanakomana makumi mana
uye vazukuru makumi matatu, vaitasva mbongoro makumi manomwe.
Akatungamirira vaIsraeri kwamakore masere. [15] Ipapo Abhudhoni
mwanakomana waHireri akafa, uye akavigwa paPiratoni muEfuremu,
munyika yezvikomo yavaAmareki.

# 13

*Kuberekwa kwaSamusoni*

[1] VaIsraeri vakaitazve zvakaipa pamberi paJehovha, saka Jehovha
akavaisa mumaoko avaFiristia kwamakore makumi mana.

[2] Mumwe murumwe weZora ainzi Manoa, aibva muimba yavaDhani,
akanga ane mukadzi akanga asingabereki, asina mwana. [3] Mutumwa
waJehovha akazviratidza kwaari uye akati, "Iwe haubereki uye hauna
mwana, asi uchava nemimba uye ugova nomwanakomana. [4] Zvino uone
kuti warega kunwa waini kana zvimwe zvokunwa zvakaviriswa uye
kuti urege kudya chinhu chipi zvacho chisina kuchena, [5] nokuti uchava
nemimba uye uchabereka mwanakomana. Chisvo hachifaniri kuveura
musoro wake, nokuti mukomana anofanira kuva muNaziri, akatsaurirwa
kuna Mwari kubva pakuzvarwa kwake, uye ndiye achatanga kusunungura
vaIsraeri kubva mumaoko avaFiristia."

[6] Ipapo mukadzi akaenda kumurume wake akandomuudza akati,
"Munhu waMwari asvika kwandiri. Anga achiratidzika somutumwa
waMwari, anotyisa kwazvo. Handina kumubvunza kuti abva kupi, uye
haana kundiudza zita rake. [7] Asi ati kwandiri, 'Uchava nemimba uye
uchabereka mwanakomana. Zvino, chirega kunwa waini kana zvimwe
zvokunwa zvakaviriswa uye usadya chinhu chipi zvacho chisina kuchena,
nokuti mukomana achava muNaziri waMwari kubva pakuzvarwa kwake
kusvikira pazuva raanofa.' "

[8] Ipapo Manoa akanyengetera kuna Jehovha akati, "Haiwa Jehovha, ndi-
nokukumbirai, regai munhu waMwari wamakatuma kwatiri adzokezve
kuti azotidzidzisa kurera kwatingaita mukomana achazozvarwa."

[9] Mwari akanzwa Manoa, uye mutumwa waMwari akauyazve ku-
mukadzi panguva yaakanga ari kumunda; asi murume wake Manoa
akanga asipo paari. [10] Mukadzi akakurumidza kundoudza murume wake
kuti, "Ari pano! Murume uya akazviratidza kwandiri zuva riya!"

[11] Manoa akasimuka akatevera mukadzi wake. Akati asvika pamurume
uya, akati, "Ndimi here makataura kumukadzi wangu?"

Iye akati, "Ndini."
12 Saka Manoa akamubvunza akati, "Mashoko enyu paachazadziswa,
mutemo unofanira kutevedzwa paupenyu hwomukomana napabasa rake
ndoupi?"
13 Mutumwa waJehovha akapindura akati, "Mukadzi wako anofanira
kuita zvose zvandakamuudza. 14 Haafaniri kudya chinhu chipi zvacho
chinobva pamuzambiringa, uye kunwa waini ipi zvayo kana zvimwe
zvokunwa zvakaviriswa kana kudya chinhu chipi zvacho chisina kuchena.
Anofanira kuita zvose zvandakamurayira."
15 Manoa akati kumutumwa waJehovha, "Tingada kuti mumbogara
kusvikira takugadzirirai kambudzana."
16 Mutumwa waJehovha akapindura akati, "Kunyange dai mukandibata
henyu, handingadyi chokudya chenyu chipi zvacho. Asi kana muchigadzira chipiriso chinopiswa, chipei kuna Jehovha." (Manoa haana kuziva
kuti akanga ari mutumwa Jehovha.)
17 Ipapo Manoa akabvunza mutumwa waJehovha akati, "Zita renyu
ndianiko, kuitira kuti tigokukudzai pachazadziswa shoko renyu?"
18 Akapindura akati, "Unobvunzireiko zita rangu? Haringanzwisisiki."
19 Ipapo Manoa akatora kambudzana, pamwe chete nechipiriso chezviyo,
akazvibayira kuna Jehovha paruware. Uye Jehovha akaita chinhu
chinoshamisa, Manoa nomukadzi wake vakatarisa: 20 Murazvo wemoto
wakati uchikwira kubva paaritari wakananga kudenga, mutumwa waJehovha akakwira ari mumurazvo. Vakati vaona izvi, Manoa nomukadzi
wake vakawira pasi nezviso zvavo. 21 Asi mutumwa waJehovha haana
kuzozviratidzazve kuna Manoa nomukadzi wake, ipapo Manoa akaziva
kuti akanga ari mutumwa waJehovha.
22 Akati, "Tichafa zvirokwazvo! Taona Mwari!"
23 Asi mukadzi wake akati, "Kana Jehovha anga achida kutiuraya,
angadai asina kugamuchira chipiriso chinopiswa nechipiriso chezviyo
kubva mumaoko edu, uye angadai asina kutiratidza zvinhu zvose izvi kana
kutiudza izvi zvino."
24 Mukadzi akasununguka mwanakomana uye akamutumidza zita
rokuti Samusoni. Akakura uye Jehovha akamuropafadza, 25 uye Mweya
waJehovha wakatanga kumumutsa paakanga ari paMahane Dhani, pakati
peZora neEshitaori.

# 14

*Kuwana kwaSamusoni*

1 Samusoni akaburuka akaenda kuTimina akandoona ikoko mukadzi
muduku wechiFiristia. 2 Akati adzoka, akasvikoti kuna baba namai vake,
"Ndaona mukadzi wechiFiristia muTimina; zvino nditorerei kuti ave
mukadzi wangu."
3 Baba namai vake vakapindura vakati, "Hapana here mukadzi akakodzera pakati pehama dzako kana pakati pavanhu vokwedu vose? Ungaenda
here kuvaFiristia vasina kudzingiswa kuti undotora mukadzi?"
Asi Samusoni akati kuna baba vake, "Nditorerei iye. Ndiye akanaka
kwandiri." 4 (Vabereki vake vakanga vasingazivi kuti izvi zvakanga
zvichibva kuna Jehovha, akanga achitsvaka mukana wokurwa navaFiristia; nokuti nenguva iyo ndivo vakanga vachitonga vaIsraeri.) 5 Samusoni
akaburuka akaenda kuTimina pamwe chete nababa vake namai vake.
Vakati vasvika kuminda yemizambiringa yeTimina, pakarepo shumba
yakauya yakananga kwaari ichiomba. 6 Mweya waJehovha wakauya

pamusoro pake nesimba zvokuti akabvambura shumba napakati namaoko
ake kunge anobvambura mbudzana. 7 Ipapo akaburuka akandotaura
nomukadzi, uye aimuda.

8 Mushure menguva yakati kuti, paakadzokera kundomuroora, akat-
sauka kundoona mutumbi weshumba. Mukati macho makanga mava
nebumha renyuchi nouchi, 9 akahubura namaoko ake akadya achifamba.
Akati asvika kuvabereki vake akavapa humwe vakadyawo naivo. Asi
haana kuvaudza kuti akanga atora uchi mumutumbi weshumba.

10 Zvino baba vake vakaburuka kundoona mukadzi uya. Uye Samusoni
akaita mutambo ikoko, setsika yaiitwa nezvikomba. 11 Paakasvika,
akapiwa shamwari makumi matatu.

12 Samusoni akati kwavari, "Regai ndikutaurirei chirahwe. Kana
mukagona kuchidudzira mukati mamazuva manomwe omutambo, ini
ndichakupai nguo dzomucheka dzinosvika makumi matatu nehanzu
makumi matatu. 13 Kana musingagoni kudzidudzira, imi munofanira
kundipa nguo dzomucheka makumi matatu namakumi matatu ehanzu."

Ivo vakati, "Tiudze chirahwe chako. Rega tichinzwe."

14 Akapindura akati,
"Kumudyi kwakabuda chokudya;
kubva kune chine simba kwakabuda zvinotapira."
Havana kugona kupa mhinduro kwamazuva matatu.

15 Pazuva rechina, vakati kumukadzi waSamusoni, "Nyengetedza mu-
rume wako kuti atsanangure chirahwe kuti tiregere kukupisai mukafa iwe
neveimba yababa vako. Munotikoka pano kuzotibira nhai?"

16 Ipapo mukadzi waSamusoni akazviwisira paari, achichema akati,
"Unondivenga iwe! Haundidi chaizvo izvo. Wakapa vanhu vokwangu
chirahwe, asi hauna kundiudza dudziro yacho."

Akapindura akati, "Handina kutongochitsanangurira baba vangu kana
mai vangu, saka ndingachitsanangura seiko kwauri?" 17 Akachema
kwamazuva manomwe ose omutambo. Saka akapedzisira amuudza
pazuva rechinomwe, nokuti akaramba achingomumanikidza. Iye akabva
azotsanangurira vanhu vake chirahwe.

18 Pazuva rechinomwe, zuva risati radoka, varume vomuguta vakati
kwaari,
"Chiiko chinotapira souchi?
Chiiko chine simba seshumba?"

Samusoni akati kwavari,
"Dai manga musina kurima netsiru rangu,
mungadai musina kugona kududzira chirahwe changu."

19 Ipapo Mweya waJehovha wakauya pamusoro pake nesimba. Ak-
aburuka akaenda kuAshikeroni, akandouraya varume makumi matatu,
akakutunura zvinhu zvavo akapa nguo dzavo kuna avo vakadudzira
chirahwe. Akatsamwa kwazvo akaenda kumba kwababa vake. 20 Uye
mukadzi waSamusoni akapiwa kushamwari yakanga yamuperekedza
pasvitsa.

# 15

### *Kutsiva kwaSamusoni pavaFiristia*

1 Mushure mechinguva, panguva yokukohwa gorosi, Samusoni akatora
mbudzana akaenda kundoshanyira mukadzi wake. Akati, "Ndinoda
kupinda mumba nomukadzi wangu." Asi baba vomukadzi wake havana
kumutendera kupinda.

2 Baba vomukadzi wake vakati, “Ndakanga ndine chokwadi chaizvo
kuti unomuvenga kwazvo zvokuti ndakamupa kushamwari yako. Ko,
munun’una wake haana kunaka kukunda iye here? Chimutora iye
panzvimbo yake.”

3 Samusoni akati kwaari, “Panguva ino ndine mvumo yokuti nditsive
kuvaFiristia; ndichavaitira zvakaipa chaizvo.” 4 Saka akabuda akan-
dobata makava mazana matatu akaasunganidza miswe yawo achiita
maviri maviri. Ipapo akaisa zhenje pakati pemiswe miviri miviri
yacho. 5 Akatungidza mazhenje akaregedza makava akapinda muzviyo
zvavaFiristia zvakanga zvimire. Akapisa zviyo zvakanga zvakohwewa
nezvakanga zvimire mumunda, pamwe chete neminda yemizambiringa
neyemiorivhi.

6 VaFiristia pavakabvunza kuti, “Ndianiko aita izvi?” vakaudzwa kuti,
“NdiSamusoni, mukuwasha womuTimina, nemhaka yokuti mukadzi wake
akapiwa kushamwari yake.”

Saka vaFiristia vakaenda vakandomupisa iye nababa vake vakafa.
7 Samusoni akati kwavari, “Sezvo maita kudai, ini handitombomiri
kusvikira ndakutsivai.” 8 Akavarwisa zvakasimba uye akauraya vazhinji
vavo. Ipapo akaburuka akandogara mubako redombo reEtami.

9 VaFiristia vakakwidza vakandodzika musasa wavo muJudha, vaka-
pararira kusvika pedyo neRehi. 10 Varume veJudha vakavabvunza vakati,
“Mauyireiko kuzorwa nesu?”

Ivo vakapindura vakati, “Tauya kuzotora Samusoni kuti ave musungwa,
uye kuti tiite kwaari zvaakatiitira isu.”

11 Ipapo varume zviuru zvitatu vaibva kuJudha vakaburuka kubako
reEtami vakandoti kuna Samusoni, “Ko, haunzwi here kuti vaFiristia
vanotitonga? Chiiko chawatiitira?”

Akapindura akati, “Ndakangovaitira zvavakandiitira.”

12 Ivo vakati kwaari, “Tauya kuzokusunga kuti tikuise kuvaFiristia.”

Samusoni akati, “Pikai kwandiri kuti imi hamundiurayi pachenyu.”

13 Ivo vakati, “Hongu, isu tichangokusunga bedzi tigokuisa mumaoko
avo. Hatikuurayi isu.” Saka vakamusunga namabote matsva maviri
vakamutungamirira kuruware. 14 Akati aswedera kuRehi, vaFiristia
vakauya kwaari vachidanidzira. Mweya waJehovha wakauya paari nes-
imba. Mabote akanga ari mumaoko ake akaita sorushinda, uye zvisungo
zvikadonha mumaoko ake. 15 Akawana rushaya rutsva rwembongoro,
akarubata akauraya varume chiuru.

16 Ipapo Samusoni akati,

“Norushaya rwembongoro
    ndavaita mbongoro.
Norushaya rwembongoro
    ndauraya varume chiuru.”

17 Akati apedza kutaura, akakanda rushaya kure; uye nzvimbo iyoyo
ikanzi Ramati Rehi.

18 Nokuti akanga ava nenyota chaizvo, akadanidzira kuna Jehovha
akati, “Mapa muranda wenyu kukunda kukuru. Zvino ndofira pano
nenyota here ndigowira mumaoko avasina kudzingiswa?” 19 Ipapo Mwari
akazarura mukaha muRehi, mvura ikabuda mauri. Samusoni akati anwa,
simba rake rakadzoka maari uye akamutsiridzwazve. Saka tsime iro
rakanzi Eni Hakore, uye richirimo muRehi.

20 Samusoni akatungamirira vaIsraeri kwamakore makumi maviri
mumazuva avaFiristia.

# 16

*Samusoni naDherira*

1 Rimwe zuva Samusoni akaenda kuGaza, kwaakandoona chifeve.
Akapinda usiku kuti andovata nacho. 2 Vanhu veGaza vakaudzwa kuti,
“Samusoni ari pano!” Saka vakakomba nzvimbo iyo vakamuvandira
usiku pasuo reguta. Havana kumbosuduruka panguva yousiku vachiti,
“Tichamuuraya panguva yamambakwedza.”

3 Asi Samusoni akavatamo kusvikira pakati pousiku chete. Ipapo
akamuka akabata masasa amasuo eguta, pamwe chete namagwatidziro
acho maviri akaavhomora, mazariro nezvose. Akaasimudza pamapfudzi
ake akaatakura akaenda nawo pamusoro pechikomo chakatarisana ne-
Hebhuroni.

4 Mushure menguva yakati kuti, akadanana nomukadzi aigara muMu-
pata weSoreki; zita rake rainzi Dherira. 5 Vatongi vavaFiristia vakaenda
kwaari vakati, “Uone kana ungagona kumunyengetedza kuti akuratidze
chakavanzika chesimba rake guru, uye kuti tingamukunda sei kuitira kuti
tigomusunga timupfavise. Mumwe nomumwe wedu achakupa mashekeri
esirivha mazana gumi nezana rimwe chete*.”

6 Saka Dherira akati kuna Samusoni, “Ndiudzewoka chakavanzika
chesimba rako guru uye kuti ungasungwa sei kuti ukundwe.”

7 Samusoni akamupindura akati, “Kana munhu upi zvake akandisunga
netambo itsva nomwe dzisina kuomeswa, ndichava munhu asina simba,
somumwewo munhu zvake.”

8 Ipapo vatongi vavaFiristia vakamuvigira tambo nomwe itsva dzisina
kuomeswa, akamusunga nadzo. 9 Varume vakavanda mukamuri,
akadanidzira kwaari akati, “Samusoni, vaFiristia vasvika!” Asi
akadambura tambo zviri nyore sokudambuka kunoita shinda kana yaiswa
pedyo nomurazvo womoto. Saka chakavanzika chesimba rake hachina
kuzivikanwa.

10 Ipapo Dherira akati kuna Samusoni, “Wandiita benzi; wareva nhema
kwandiri. Zvino chindiudza kuti ungasungwa sei?”

11 Iye akati, “Kana munhu akandisunga zvakasimba namabote matsva
asati amboshandiswa, ndichava munhu asina simba somumwewo munhu
zvake.”

12 Saka Dherira akatora mabote matsva akamusunga nawo. Ipapo,
aiva navarume vakanga vakavanda mukamuri, uye akadanidzira kwaari
achiti, “Samusoni, vaFiristia vasvika!” Asi akadambura mabote mumaoko
ake kunge akanga ari shinda.

13 Ipapo Dherira akati kuna Samusoni, “Kusvikira zvino, wanga uchin-
gondiita benzi uye uchireva nhema kwandiri. Ndiudze kuti ungasungwa
sei.”

Akapindura akati, “Kana ukarukira mhotsi dzangu nomwe dzebvudzi
rangu mumucheka wakarukwa uye ukadzirovera pasi nembambo, ini
ndichava munhu asina simba somumwewo munhu zvake.” Saka
paakanga avata, Dherira akatora mhotsi nomwe dzebvudzi romusoro
wake, akadzirukira mumucheka unorukwa, 14 akadzirovera pasi nem-
bambo.

Akadanidzira kwaari zvakare akati, “Samusoni, vaFiristia vasvika!”
Akapepuka pahope dzake akavhomora mbambo nomucheka wakarukwa.

15 Ipapo akati kwaari, “Unoti ‘Ndinokuda’ sei iwe usingandiudzi
zvakavanzika zvako? Aka kava ketatu uchingondiita benzi uye hauna

---

* **16:5** 16:5 makirogiramu angaita 13

kutongonditaurira chakavanzika chesimba rako guru.” [16] Pakupedzisira
mushure mokunge atambudzwa namashoko ake, zuva nezuva, achimu-
gombedzera, akaneta zvokusvika parufu.

[17] Saka akamuudza zvose. Akati, “Hapana chisvo chakatomboshandiswa
kuveura musoro wangu, nokuti ndakaitwa muNaziri akatsaurirwa kuna
Mwari kubva pakuberekwa kwangu. Kana musoro wangu ukaveurwa,
simba rangu rinobva pandiri, uye ndinozova munhu asina simba, so-
mumwewo munhu zvake.”

[18] Dherira paakaona kuti akanga amuudza zvose, akatuma shoko
kuvatongi vavaFiristia achiti, “Dzokai, zvakare; andiudza zvose.” Saka
vatongi vavaFiristia vakadzoka vaine sirivha mumaoko avo. [19] Akati
amurarisa pamakumbo ake, akadana munhu kuti azoveura mhotsi nomwe
dzebvudzi rake, nokudaro akatanga kumukunda. Uye simba rake rakabva
paari.

[20] Ipapo akadana Samusoni akati, “Samusoni, vaFiristia vasvika!”

Akapepuka pahope dzake akafunga akati, “Ndichabuda sezvandaiita
kare uye ndichazvisunungura.” Asi akanga asingazivi kuti Jehovha akanga
abva paari.

[21] Ipapo vaFiristia vakamubata vakatumbura meso ake vakamuendesa
kundokuya mutorongo. [22] Asi bvudzi romusoro wake rakatanga kuku-
razve shure kwokumboveurwa.

### *Kufa kwaSamusoni*

[23] Zvino vatongi vavaFiristia vakaungana kuti vabayire chibayiro
chikuru kuna Dhagoni mwari wavo uye kuti vapemberere vachiti, “Mwari
wedu aisa Samusoni, muvengi wedu, mumaoko edu.”

[24] Vanhu vakati vamuona, vakarumbidza mwari wavo vachiti,

“Mwari wedu aisa muvengi wedu
    mumaoko edu,
iye akaparadza nyika yedu
    akawanza vakaurayiwa vedu.”

[25] Vari pakufara kukuru, vakadanidzira vachiti, “Budisai Samusoni kuti
auye kuzotitandadza.” Saka vakadana Samusoni kuti abude mutorongo,
uye akatamba pamberi pavo.

Vakati vamumisa pakati pembiru, [26] Samusoni akati kumuranda akanga
akabata ruoko rwake, “Ndiise pandinogona kubata mbiru dzinotsigira
temberi, kuitira kuti ndisendamire padziri.” [27] Zvino temberi yakanga
izere navarume navakadzi; vatongi vose vavaFiristia vakanga varimo
uye padenga pakanga pane varume navakadzi vanenge zviuru zvitatu
vakatarira Samusoni achitamba. [28] Ipapo Samusoni akanyengetera kuna
Jehovha akati, “Haiwa Ishe Jehovha, ndirangarirei. Imi Mwari, ndapota
hangu, ndisimbisei henyu nguva ino bedzi, uye nditenderei kamwe
chete kuti nditsive vaFiristia nokuda kwameso angu maviri.” [29] Ipapo
Samusoni akabata mbiru mbiri dzapakati dzakanga dzakatsigira temberi
paakanga amire. Akadzisunda, ruoko rwake rworudyi rwuri pane
imwe uye rworuboshwe rwuri pane imwe yacho. [30] Samusoni akati,
“Regai ndife hangu navaFiristia!” Ipapo akasunda nesimba rake rose,
temberi ikaondomokera pamusoro pavatongi vavaFiristia navanhu vose
vaiva mairi. Naizvozvo akauraya vanhu vazhinji kwazvo pakufa kwake
kupfuura paakanga ari mupenyu.

[31] Ipapo vanun’una vake nemhuri yose yababa vake vakaburuka, vakan-
domutora. Vakadzoka naye vakandomuviga pakati peZora neEshitaori

muhwiro raManoa baba vake. Akanga atungamirira Israeri kwamakore
makumi maviri.

# 17

*Zvifananidzo zvaMika*

1 Zvino mumwe murume ainzi Mika aibva kunyika yezvikomo yaE-
furemu 2 akati kuna mai vake, "Mashekeri aya esirivha chiuru nezana
rimwe chete* akatorwa kubva kwamuri andakanzwa muchituka munhu
wacho akatora, sirivha yacho ndini ndinayo; ndini ndakaitora."
Ipapo mai vake vakati, "Jehovha ngaakuropafadze, mwanakomana
wangu!"
3 Akati adzorera mashekeri esirivha chiuru nezana rimwe chete, kuna
mai vake, ivo vakati, "Ndinotsaurira Jehovha sirivha yangu nomwoyo
wose kuti mwanakomana wangu aite chifananidzo chakavezwa nomu-
fananidzo wakaumbwa wesimbi. Ndichazoidzosera kwauri."
4 Saka akadzosera sirivha kuna mai vake, uye mai vake vakatora mazana
maviri amashekeri† esirivha vakaapa kumupfuri wesirivha, akaita nawo
mufananidzo wakavezwa nomufananidzo wakaumbwa. Uye zvakaiswa
mumba maMika.
5 Zvino murume uyu Mika, akanga ane imba yavamwari, uye akaita
efodhi nezvimwe zvifananidzo uye akagadza mumwe wavanakomana
vake kuti ave muprista wake. 6 Mumazuva iwayo Israeri yakanga isina
mambo; mumwe nomumwe akaita zvaaiona zvakamunakira.
7 Zvino kwakanga kune jaya muRevhi aibva kuBheterehema muJudha,
aigara mukati morudzi rwaJudha, 8 akabva muguta iroro achindotsvaka
imwe nzvimbo yokugara. Ari munzira yake akasvika napaimba yaMika
munyika yezvikomo yeEfuremu.
9 Mika akamubvunza akati, "Unobvepiko?"
Iye akati, "Ndiri muRevhi anobva kuBheterehema muJudha, uye ndiri
kutsvaka nzvimbo yokugara."
10 Ipapo Mika akati kwaari, "Gara hako neni ugova baba vangu
nomuprista wangu, uye ndichakupa mashekeri esirivha gumi‡ pagore,
nguo dzako dzokupfeka uye nezvokudya zvako." 11 Saka muRevhi akab-
vuma kugara naye, uye jaya iri rakanga rakaita somumwe wavanakomana
vake. 12 Ipapo Mika akagadza muRevhi, jaya rikava muprista wake
akagara mumba make. 13 Uye Mika akati, "Zvino ndinoziva kuti Jehovha
achandiitira zvakanaka, sezvo muRevhi uyu ava muprista wangu."

# 18

*VaDhani vanondogara muRaishi*

1 Mumazuva iwayo Israeri yakanga isina mambo.
Uye mumazuva iwayo vorudzi rwavaDhani vakanga vachitsvaka
nzvimbo yavo pachavo yavangagara, nokuti vakanga vasati vapiwa nhaka
pakati pamarudzi eIsraeri. 2 Saka vaDhani vakatuma varwi vashanu
vaibva kuZora neEshitaori kuti vandosora nyika uye vaitarisise. Varume
ava vakanga vachimirira dzimba dzavo dzose. Vakavaudza kuti, "Endai
munotarisisa nyika."

* **17:2** 17:2 makirogiramu angaita 13 † **17:4** 17:4 makirogiramu angaita 2.3 ‡ **17:10** 17:10 magiramu angaita 115

Varume vakapinda munyika yezvikomo yaEfuremu vakasvika paimba
yaMika, vakavatapo. 3 Vakati vava pedyo nemba yaMika, vakaziva inzwi rejaya muRevhi; saka vakatsaukiramo vakamubvunza vachiti, "Ndianiko akakuuyisa kuno? Unobatei pano? Seiko uri pano?"

4 Akavataurira zvaakanga aitirwa naMika, akati, "Akandipa basa uye ndiri muprista wake."

5 Ipapo vakati kwaari, "Tapota, tibvunzire Mwari kuti tizive kana rwendo rwedu ruchabudirira."

6 Muprista akavapindura akati, "Endai henyu norugare. Rwendo rwenyu rwatendwa naJehovha."

7 Saka varume vashanyi vaya vakabvapo vakandosvika kuRaishi, uko kwavakandoona kuti vanhu vakanga vagere zvakanaka, sezvakaita vaSidhoni, vasina chavanofungidzira uye vagere zvakanaka. Uye sezvo nyika yavo yakanga isingashayiwi chinhu, vakanga vakabudirira. Uyezve, vakanga vagere kure nava Sidhoni uye vakanga vasina ushamwari naani zvake.

8 Vakati vadzokera kuZora neEshitaori, hama dzavo dzakavabvunza dzikati, "Makazviona sei zvinhu imi?"

9 Vakapindura vakati, "Uyai, tivarwise! Takaona kuti nyika yacho yakanaka kwazvo. Hamungaiti chimwe chinhu here? Musanonoka
kuendako kundoitora.
10 Pamunosvikako muchawana mumaoko enyu naMwari, nyika isina kana chainoshayiwa."

11 Ipapo mazana matanhatu avarume vaibva kumhuri yavaDhani vakapakata zvombo kuti vandorwa, vakasimuka vachibva kuZora neEshitaori.
12 Vari munzira yavo vakadzika misasa pedyo neKiriati Jearimi muJudha. Ndokusaka nzvimbo iri kumavirira eKiriati Jearimi ichinzi Mahane Dhani
kusvikira zuva ranhasi.
13 Kubva ipapo vakaenda kunyika yezvikomo yaEfuremu uye vakasvika kumba kwaMika.

14 Ipapo varume vashanu vakanga vandosora nyika yeRaishi vakati kuhama dzavo, "Munoziva here kuti imwe yedzimba idzi ine efodhi, vamwe vamwari, chifananidzo chakavezwa nechifananidzo
chakaumbwa? Zvino imi munoziva zvokuita."
15 Saka vakatsaukiramo vakaenda kumba kwejaya muRevhi kumba kwaMika vakandomukwazisa.
16 Mazana matanhatu avaDhani, vakapakata zvombo zvokurwa, vakamira
pamukova wokupinda nawo pasuo.
17 Varume vashanu vakanga vandosora nyika vakapinda mukati vakatora chifananidzo chakavezwa, efodhi, vamwe vamwari nechifananidzo chakaumbwa asi muprista namazana matanhatu avarume vakanga vakapakata zvombo zvokurwa nazvo vakamira pamukova wesuo.

18 Varume ava vakati vapinda mumba maMika, vakatora mufananidzo wakavezwa, efodhi, vamwe vamwari nechifananidzo chakaumbwa, muprista akati kwavari, "Muri kuiteiko?"

19 Vakamupindura vakati, "Nyarara! Usambotaura shoko. Handei tose, ugova baba vedu nomuprista wedu. Handiti zviri nani kushumira rudzi neimba iri muIsraeri somuprista pachinzvimbo cheimba yomunhu
mumwe here?"
20 Ipapo muprista akafara. Akatora efodhi, vamwe vamwari nechifananidzo chakavezwa akaenda pamwe chete navanhu.
21 Vakaisa vana vavo vaduku, zvipfuwo zvavo nenhumbi dzavo pamberi pavo, vakasimuka vakaenda.

22 Vakati vafamba chinhambwe kubva pamba yaMika varume vaigara pedyo naMika vakadanwa pamwe chete vakatevera vaDhani vakavabata.

23 Pavakadaidzira mushure mavo, vaDhani vakatendeuka vakati kuna
Mika, "Wakaita seiko iwe, zvawadana vanhu vako kuti vazorwa?"
24 Akapindura akati, "Makatora vamwari vandakaita, uye muprista
wangu mukaenda naye. Chii zvino chandasarirwa nacho? Mungabvunza
seiko muchiti, 'Wakaita seiko iwe?' "
25 VaDhani vakapindura vakati, "Usaita nharo nesu, kuti varume
vane hasha varege kukurwisa, uye iwe nemhuri yako mukazorasikirwa
noupenyu hwenyu." 26 Saka vaDhani vakaenda zvavo, uye Mika, achiona
kuti vakanga vaine simba kukunda iye, akadzoka akaenda kumusha
kwake.
27 Ipapo vakatora zvakanga zvagadzirwa naMika, uye muprista
wake, vakaenda kuRaishi, vakandorwa navanhu vakanga vasina cha-
vanofungidzira vano rugare. Vakavauraya nomunondo vakavapisira
maguta avo nomoto. 28 Pakanga pasina munhu anovanunura nokuti
vaigara kure neSidhoni uye vasina ushamwari naani zvake. Guta rakanga
riri mumupata waiva pedyo neBheti Rehobhi.

VaDhani vakavakazve guta vakagaramo. 29 Vakaritumidza kuti Dhani
zita ratateguru wavo Dhani, akanga aberekerwa Israeri, kunyange raim-
bonzi Raishi. 30 Ikoko vaDhani vakazvimisira chifananidzo, uye Jonatani
mwanakomana waGerishomi, mwanakomana waMozisi, uye vanakomana
vake vakava vaprista vorudzi rwaDhani kusvikira panguva youtapwa
hwenyika. 31 Vakaramba vachishandisa zvifananidzo zvakaitwa naMika,
nguva dzose imba yaMwari payakanga iri muShiro.

# 19

*MuRevhi noMurongo wake*

1 Mumazuva iwayo Israeri yakanga isina mambo.

Zvino mumwe muRevhi akanga achigara munyika iri kure yezvikomo
yeEfuremu akatora murongo aibva kuBheterehema muJudha. 2 Asi
akanga asina kutendeka kwaari. Akamusiya akadzokerazve kumba
kwababa vake kuBheterehema, Judha. Mushure mokunge agarako
kwemwedzi mina, 3 murume wake akaenda kwaari kundomunyengetedza
kuti adzoke. Akanga ane muranda wake nembongoro mbiri. Akamupinza
mumba mababa vake, uye baba vake vakati vamuona, vakamugamuchira
nomufaro. 4 Tezvara vake, ivo baba vomusikana, vakamugombedzera kuti
agare; saka akagara naye kwamazuva matatu, vachidya nokunwa uye
achivatapo.

5 Pazuva rechina vakamuka mangwanani vakagadzirira kuti vaende, asi
baba vomusikana vakati kumukuwasha wavo, "Simbisa mwoyo wako ne-
chokudya; ipapo mugoenda henyu." 6 Saka vose vari vaviri vakagara pasi
kuti vadye nokunwa pamwe chete. Mushure maizvozvo, baba vomusikana
vakati, "Ndapota chivata hako usiku uno uye umbofara." 7 Uye murume
uyu akati asimuka kuti aende, tezvara vake vakamunyengetedza, saka
akavatapo usiku uhwo. 8 Mangwanani ezuva reshanu, paakamuka kuti
aende, baba vomusikana vakati, "Simbisa mwoyo wako. Gara kusvikira
masikati!" Saka vose vari vaviri vakadya pamwe chete.

9 Ipapo murume, murongo wake uye nomuranda wake, vakati vasimuka
kuti vaende, tezvara wake, baba vomusikana vakati, "Zvino chiona kwava
kudoka. Chivata hako pano usiku huno; kwavira. Gara ufadze mwoyo
wako. Mangwana mangwanani, ungamuka ugopinda hako munzira
yako." 10 Asi, nokusada kuvatazve humwe usiku, murume uya akabuda

akaenda akananga kuJebhusi (ndiro Jerusarema), nembongoro dzake mbiri dzakaiswa zvigaro, nomurongo wake.
11 Vakati vava pedyo neJebhusi uye zuva rakanga rovira, muranda akati kuna tenzi wake, "Uyai, titsaukire muguta iri ravaJebhusi tindovatamo."
12 Tenzi wake akapindura akati, "Kwete. Hatingapindi muguta ravatorwa, vanhu varo zvavasiri vaIsraeri. Tichapfuurira kuGibhea."
13 Akaenderera mberi akati, "Uyai, tiedze kusvika kuGibhea kana kuRama
tigovata mune imwe yenzvimbo idzi." 14 Saka vakapfuurira mberi, uye
zuva rakavira pavakanga vasvika muGibhea muBhenjamini. 15 Imomo,
ndimo mavakamira kuti vavate. Vakaenda vakandogara muchivara cheguta, asi hapana munhu akavatora akavapinza mumba make usiku.
16 Madekwana iwayo, imwe harahwa yaibva munyika yezvikomo yeEfuremu, yaigara muGibhea (vanhu venzvimbo vaiva vaBhenjamini),
yakasvika ichibva kubasa rayo kumunda. 17 Yakati yatarira ikaona
mufambi ari muchivara cheguta, harahwa yakabvunza ikati, "Uri kuendepiko? Wabvepiko?"
18 Akapindura akati, "Tiri kubva kuBheterehema muJudha; tiri kuenda kure kunyika yezvikomo yeEfuremu, ndiko kwandinogara. Ndakanga ndiri kuBheterehema muJudha, asi iye zvino ndiri kuenda kumba kwaJe-
hovha. Hapana munhu anditora akandipinza mumba make. 19 Tine zvose
mashanga nouswa hwembongoro dzedu uye chingwa chedu newaini yedu, isu varanda venyu, ini, murandakadzi wenyu, nejaya ratinaro. Hatina chinhu chatingada hedu."
20 Harahwa yakati, "Munogona kuuya kumba kwangu. Ndichakupai
zvose zvamunoshayiwa. Asi bedzi usavata pachivara." 21 Saka akamutora
akamupinza mumba make uye akapa mbongoro dzake zvokudya. Vakati vashamba tsoka dzavo, vakadya zvokudya uye vakanwa.
22 Vachiri pakufara havo, vamwe vanhu vakaipa vomuguta vakakomba imba. Vachigogodza pamukova, vakadanidzira kuharahwa yakanga iri iyo muridzi weimba vachiti, "Budisa murume uyo apinda mumba mako kuti tivate naye."
23 Muridzi wemba akabuda panze akati kwavari, "Kwete, shamwari dzangu, regai kuita zvakaipa kudai. Sezvo murume uyu ari mueni wangu,
regai kuita chinhu ichi chinonyadzisa kudai. 24 Tarirai, heyi mhandara
mwanasikana wangu uyu, nemurongo wake. Ndichavabudisa kwamuri izvozvi, uye munogona kuvabata mugoita kwavari zvose zvamunoda. Asi kumurume uyu, regai kuita chinhu chinonyadzisa zvakadaro."
25 Asi varume ava havana kuda kumuteerera. Saka murume uyu akatora murongo wake akamuendesa kunze kwavari, uye vakamubata chibharo vakamuchinya usiku hwose, uye panguva dzamambakwedza
vakamuregedza kuti aende. 26 Kwaedza, mukadzi akadzokera kumba
kwaigara tenzi wake, akawira pasi pamukova wemba uye akavatapo kusvikira kwaedza.
27 Tenzi wake akati achimuka mangwanani akazarura mukova wemba akabuda panze kuti afambire mberi norwendo rwake, onei hoyo murongo wake avete akawira pasi pamukova wemba, maoko ake ari pachikum-
baridzo. 28 Iye akati kwaari, "Muka; handei." Asi pakanga pasina mhinduro. Ipapo murume uya akamuisa pambongoro akasimuka akaenda kumusha.
29 Akati achisvika kumusha, akatora banga akagura-gura murongo wake, mutezo muzvidimbu gumi nezviviri akazvitumira munzvimbo
dzose dzeIsraeri. 30 Mumwe nomumwe akazviona akati, "Chinhu chakadai

hachina kutongoonekwa kana kuitwa, kubva pazuva rakabuda vaIsraeri muIjipiti. Fungai pamusoro pazvo! Zvicherechedzei! Tiudzei zvokuita!"

# 20

*VaIsraeri vanorwa navaBhenjamini*

1 Ipapo vaIsraeri vose kubva kuDhani kusvikira kuBheerishebha
uye nokubva munyika yeGireadhi vakabuda somunhu mumwe chete
vakaungana pamberi paJehovha muMizipa. 2 Vatungamiriri vavanhu
vose vamarudzi eIsraeri vakandomira panzvimbo dzavo paungano yavanhu vaMwari, zviuru zvamazana mana zvavarwi vakapakata minondo.
3 (VaBhenjamini vakanzwa kuti vaIsraeri vakanga vakwidza kuMizipa.)
Ipapo vakati, "Dotiudzai kuti chinhu chakaipisisa kudai chakaitika sei?"

4 Saka muRevhi, murume womukadzi akapondwa akati, "Ini nomurongo
wangu takasvika paGibhea muBhenjamini kuti tindovatamo. 5 Panguva
dzousiku, varume veGibhea vakauya kwandiri vakakomba imba vachida
kundiuraya. Vakabata murongo wangu chibharo, uye akafa. 6 Ndakatora
murongo wangu, ndikamugura-gura uye ndikatumira chidimbu chimwe
chete kunharaunda imwe neimwe yenhaka yeIsraeri, nokuti ndivo vakaita
chinhu ichi chinonyangadza uye nokuita kunonyadzisa muIsraeri. 7 Zvino,
imi vaIsraeri mose, taurai uye mupe mutongo wenyu."

8 Vanhu vose vakasimuka somunhu mumwe chete vakati, "Hakuna
mumwe wedu achaenda kumba. Kwete, hakuna mumwe wedu achadzokera kumba kwake. 9 Asi zvino izvi ndizvo zvatichaita kuGibhea: Tichakwidza kundorwa nayo sokuratidza kwomujenya. 10 Tichatora varume
gumi kubva muzana roga roga kubva kumarudzi ose eIsraeri, uye zana
kubva muchiuru, uye chiuru kubva mugumi rezviuru, kuti vavigire varwi
mbuva. Ipapo, hondo painosvika paGibhea muBhenjamini, ichavapa
zvakavafanira zvouipi hwavo uhu hwakaitwa muIsraeri." 11 Saka varume
vose veIsraeri vakaungana pamwe chete somunhu mumwe chete kuti
vandorwisa guta.

12 Marudzi aIsraeri akatuma varume kurudzi rwose rwaBhenjamini,
vachiti, "Munoti kudiniko pamusoro pemhosva yakaipisisa yakaparwa
pakati penyu? 13 Zvino tipei varume avo vakaipa veGibhea kuti tivauraye
tigobvisa chakaipa muIsraeri."

Asi vaBhenjamini havana kuda kuteerera hama dzavo vaIsraeri.
14 Vakabva mumaguta avo vakaungana pamwe chete paGibhea kuti
vazorwa navaIsraeri. 15 Pakarepo vaBhenjamini vakaunganidza varume
veminondo zviuru makumi maviri nezvitanhatu kubva mumaguta avo,
pamusoro pamazana manomwe akasarudzwa kubva kuna avo vaigara
muGibhea. 16 Pakati pavarwi ava vose pakanga pane mazana manomwe
avarume vakasarudzwa vakanga vane ziboshwe, mumwe nomumwe
wavo aigona kupotsera ibwe kutsuro asingapotsi.

17 KuIsraeri, kunze kwaBhenjamini vakaverenga varume veminondo
zviuru mazana mana, vose vakanga vari varwi.

18 VaIsraeri vakakwidza kuBheteri vakandobvunza Mwari. Vakati,
"Ndiani wedu achatanga kundorwa navaBhenjamini?"

Jehovha akapindura akati, "Judha ndiye achatanga kuenda."

19 Fume mangwana, vaIsraeri vakamuka vakadzika misasa pedyo
neGibhea. 20 Varume veIsraeri vakabuda kundorwa navaBhenjamini
uye vakamira panzvimbo dzokurwa navo paGibhea. 21 VaBhenjamini
vakabuda muGibhea vakauraya vaIsraeri zviuru makumi maviri nezviviri

munhandare yehondo pazuva iroro. 22 Asi varume veIsraeri vakaku-
rudzirana uyezve vakamira panzvimbo dzavo dzavakanga vatora pazuva
rokutanga. 23 VaIsraeri vakakwira vakandochema pamberi paJehovha
kusvikira madekwana, uye vakabvunza Jehovha. Vakati, "Tichakwirazve
kundorwa navaBhenjamini, idzo hama dzedu here?"

Jehovha akapindura akati, "Kwirai mundorwa navo."

24 Ipapo vaIsraeri vakaswedera pedyo navaBhenjamini pazuva repiri.
25 Nguva iyi, vaBhenjamini pavakabuda kubva muGibhea kuti vandovar-
wisa, vakauraya vamwezve zviuru gumi nezvisere zvavaIsraeri, vose
vakanga vakapakata minondo.

26 Ipapo vaIsraeri, vanhu vose vakakwira kuBheteri, uye ikoko vakan-
dogara pasi vachichema pamberi paJehovha. Vakatsanya pazuva iro
kusvikira madekwana uye vakapa kuna Jehovha zvipiriso zvinopiswa
nezvipiriso zvokuwadzana. 27 Uye vaIsraeri vakabvunza Jehovha. (Pa-
mazuva iwayo, areka yesungano yaMwari yakanga iripo, 28 Uye Finehasi
mwanakomana waEreazari, mwanakomana waAroni, achishumira pam-
beri payo.) Vakabvunza vakati, "Tichaendazve kundorwa naBhenjamini
hama yedu here kana kuti kwete?"

Jehovha akati, "Endai, nokuti mangwana ndichavaisa mumaoko enyu."

29 Ipapo vaIsraeri vakandovandira vakakomberedza Gibhea.
30 Vakakwidza kundorwa navaBhenjamini pazuva retatu uye vakamira
panzvimbo dzavo dzehondo kuti varwe neGibhea sezvavakamboita
kare. 31 VaBhenjamini vakabuda kuzosangana navo uye vakakwezverwa
kure neguta. Vakatanga kubaya vaIsraeri sapakutanga, zvokuti varume
vanenge makumi matatu vakafa musango uye nomumigwagwa, inoti
mumwe unoenda kuBheteri nomumwe wacho kuGibhea.

32 VaBhenjamini pavaiti, "Tiri kuvakunda sapakutanga," vaIsraeri vaiti,
"Ngatidududzirei mumashure tivakwezvere kure neguta kumigwagwa."

33 Varume vose veIsraeri vakafamba kubva panzvimbo dzavo uye
vakandomira paBhaari Tamari, uye vaIsraeri vakanga vakavandira vak-
abuda munzvimbo dzavo pamavirira eGibhea. 34 Ipapo zviuru gumi
zvavarume veIsraeri vakanga vakasarudzwa vakavarwisa nechemberi
paGibhea. Kurwa kwakanga kwanyanya kwazvo zvokuti vaBhenjamini
havana kuziva kuti njodzi yakanga yava pedyo zvakaita sei. 35 Jehovha
akakunda Bhenjamini pamberi peIsraeri, uye pazuva iro vaIsraeri vakau-
raya vaBhenjamini, vose vakanga vakapakata minondo zviuru makumi
maviri nezvishanu nezana rimwe chete. 36 Ipapo vaBhenjamini vakaona
kuti vakanga vakundwa.

Zvino varume veIsraeri vakanga vachitiza pamberi pavaBhenjamini,
nokuti vakanga vachisimba nokuvandira kwavakanga varonga pedyo neG-
ibhea. 37 Varume vakanga vakavandira vakapinda muGibhea pakarepo,
vakapararira uye vakaparadza guta rose nomunondo. 38 Varume veIsraeri
vakanga varonga navakanga vakavandira kuti pavaizorwisa, vamwe
vaifanira kubatidza moto unobuda utsi huzhinji muguta, 39 uye ipapo
varume veIsraeri vaizovashandukira pakurwa.

VaBhenjamini vakanga vatotanga kuuraya varume veIsraeri (va-
nenge makumi matatu), uye vakati, "Tiri kuvakunda sapahondo yoku-
tanga." 40 Asi utsi pahwakatanga kukwira kubva muguta, vaBhen-
jamini vakacheuka vakaona utsi hweguta rose huchikwira kudenga.
41 Ipapo varume veIsraeri vakavadzokera, uye varume veBhenjamini
vakavhundutswa, nokuti vakaziva kuti njodzi yakanga yavawira. 42 Saka
vakatiza pamberi pavaIsraeri nenzira inoenda kurenje, asi havana

kugona kupunyuka pahondo. Uye varume veIsraeri vakabuda kubva
mumaguta vakavauraya ipapo. 43 Vakakomba vaBhenjamini, vakavadzin-
ganisa vakavabata nyore nyore pedyo neGibhea nechokumabvazuva.
44 VaBhenjamini zviuru gumi nezvisere vakafa, vose vaiva varwi
voumhare. 45 Vakati vadzoka vakatiza vakananga kurenje kuruware
rwaRimoni, vaIsraeri vakauraya varume zviuru zvishanu (mumigwagwa).
Vakaramba vachitevera vaBhenjamini kusvikira paGidhomi uye vakau-
rayazve vamwe zviuru zviviri.

46 Pazuva iroro, kwakafa varume vaBhenjamini veminondo zviuru
makumi maviri nezvishanu, vose varwi voumhare. 47 Asi varume mazana
matanhatu vakatendeuka vakatizira murenje kuruware rweRimoni,
kwavakandogara kwemwedzi mina. 48 Varume veIsraeri vakadzokera
kuBhenjamini uye vakaparadza maguta ose nomunondo, kusanganisira
mhuka nezvimwe zvose zvavakawana. Maguta ose avakaona vakaapisa.

# 21

*Vakadzi vavaBhenjamini*

1 Varume veIsraeri vakanga vaita mhiko paMizipa vachiti: "Hapana
mumwe wedu acharoodza mwanasikana wake kumuBhenjamini."

2 Vanhu vakaenda kuBheteri, uko kwavakagara pamberi paMwari
kusvikira madekwana, vachisimudza manzwi avo uye vachichema
zvikuru. 3 Vakachema vachiti, "Haiwa Jehovha, Mwari waIsraeri, seiko
izvi zvakaitika kuIsraeri? Seiko rumwe rudzi rwashayikwa muIsraeri
nhasi?"

4 Mangwanani ezuva rakatevera, vanhu vakavaka aritari vakapa
zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana.

5 Ipapo vaIsraeri vakabvunza vakati, "Ndianiko kubva kumarudzi ose
aIsraeri akatadza kuungana navamwe pamberi paJehovha?" Nokuti
vakanga vaita mhiko kuti ani zvake anotadza kuungana navamwe
pamberi paJehovha paMizipa anofanira kuurayiwa zvirokwazvo.

6 Zvino vaIsraeri vakasuwa nokuda kwehama dzavo, vaBhenjamini.
Vakati, "Nhasi rumwe rudzi rwabviswa pana Israeri. 7 Tichapa seiko
vakadzi kuna avo vakasara, sezvo takapika kuna Jehovha kuti tirege kupa
upi zvake wavanasikana vedu kuti awanikwe navo." 8 Ipapo vakabvunza
vakati, "Ndavapiko pamarudzi aIsraeri vakatadza kuungana navamwe
pamberi paJehovha paMizipa?" Vakawana kuti kwakanga kusina munhu
aibva kuJabheshi Gireadhi akanga auya kumusasa kuungano. 9 Nokuti
vakati vaverenga vanhu, vakaona kuti kwakanga kusina munhu weJab-
heshi Gireadhi akanga aripo.

10 Saka ungano yakatuma varume vehondo zviuru gumi nezviviri
vakavarayira kuti vaende kuJabheshi Gireadhi vandouraya nomunondo
vanhu vaigarako, kusanganisira vakadzi navana. 11 Vakati, "Hezvi
zvamunofanira kuita: Urayai murume mumwe nomumwe nomukadzi
mumwe nomumwe asiri mhandara." 12 Vakawana pakati pavanhu vaigara
muJabheshi Gireadhi mhandara mazana mana vakanga vasina kumbovata
navarume, vakaenda navo kumusasa paShiro muKenani.

13 Ipapo ungano yose yakatuma nhume neshoko rorugare kuvaBhen-
jamini paruware rweRimoni. 14 Saka vaBhenjamini vakadzoka panguva
iyoyo vakapiwa vakadzi veJabheshi Gireadhi vakanga vasara. Asi vakanga
vasina kuvakwanira vose.

15 Vanhu vakasuwa nokuda kweBhenjamini, nokuti Jehovha akanga aisa
mukaha mumarudzi avaIsraeri. 16 Uye vakuru veungano vakati, "Sezvo
vakadzi veBhenjamini vakaparadzwa, tichawanira seiko varume vakasara
vakadzi?" 17 Vakati, "VaBhenjamini vakasara vanofanira kuva navadyi
venhaka kuitira kuti rudzi rwaIsraeri rurege kurova. 18 Hatigoni kuvapa
vanasikana vedu kuti vave vakadzi vavo sezvo isu vaIsraeri takapika
tichiti, 'Ngaatukwe munhu anopa mukadzi kumuBhenjamini.' 19 Asi
tarirai, kune mutambo waJehovha wegore negore paShiro, nechokumu-
soro kweBheteri, kumabvazuva omugwagwa unobva kuBheteri uchienda
kuShekemu, nezasi kweRebhona."

20 Saka vakarayira vaBhenjamini vakati, "Endai mundovanda muminda
yemizambiringa 21 uye mutarire. Vasikana veShiro pavanobuda kuti
vandotamba navamwe, ipapo mumhanye muchibva muminda yemizam-
biringa mumwe nomumwe wenyu azvitorere mukadzi kubva kuvasikana
veShiro mugoenda henyu kunyika yavaBhenjamini. 22 Madzibaba avo
kana hanzvadzi dzavo pavanouya kuzomhan'ara kwatiri, isu tichati
kwavari, 'Tiitirei henyu zvakanaka nokuvabatsira, nokuti hatina ku-
vawanira vakadzi panguva yehondo, uye imi hamuna mhosva, sezvo
musina kupa vanasikana venyu kwavari.' "

23 Saka ndizvo zvakaitwa navaBhenjamini. Vasikana vachiri kutamba,
murume mumwe nomumwe akabata musikana ndokuenda naye kuti
ave mukadzi wake. Ipapo vakadzokera kunhaka yavo uye vakavakazve
maguta vakagara maari.

24 Panguva iyoyo vaIsraeri vakabva panzvimbo iyo vakaenda kumusha
kumarudzi avo nokudzimba dzavo, mumwe nomumwe kunhaka yake
pachake.

25 Mumazuva iwayo kwakanga kusina mambo pakati paIsraeri; mumwe
nomumwe aiita zvaaifunga kuti zvakanaka.

# RUTE

*Naomi naRute*

1 Mumazuva okutonga kwavatongi munyika makaita nzara, uye mumwe
murume aibva kuBheterehema Judha, pamwe chete nomukadzi wake
navanakomana vake vaviri, akaenda kundogara munyika yeMoabhu
kwechinguva. 2 Murume uyu ainzi Erimereki, mukadzi wake achinzi
Naomi, uye mazita avanakomana vake vaviri aiva Maroni naKirioni.
Vaiva vaEfurata vaibva kuBheterehema Judha. Uye vakaenda kuMoabhu
vakagarako.

3 Zvino Erimereki, murume waNaomi akafa, iye akasiyiwa aine vanako-
mana vake vaviri. 4 Vakawana vakadzi vechiMoabhu, zita romumwe
rainzi Opa uye romumwe rainzi Rute. Mushure mokunge vagarako
kwamakore anenge gumi, 5 vose vari vaviri, Maroni naKirioni vakafawo,
Naomi akasiyiwa asina vanakomana vake vaviri nomurume wake.

6 Naomi paakanga achiri muMoabhu, akanzwa kuti Jehovha aka-
zoshanyira vanhu vake akavapa zvokudya, iye navaroora vake vaka-
gadzirira kudzokera kumusha vachibva ikoko. 7 Akabva pamwe chete
navaroora vake panzvimbo yavaigara vakasimuka vakaenda nenzira
yaizovasvitsa kunyika yeJudha.

8 Zvino Naomi akati kuvaroora vake vaviri, "Chidzokerai henyu, mumwe
nomumwe wenyu kuimba yamai vake. Jehovha ngaakuitirei tsitsi,
sezvamakaitirawo vakafa venyu nokwandiri. 9 Jehovha ngaaite kuti
mumwe nomumwe wenyu awane zororo mumba yomumwe murume."

Ipapo akavatsvoda uye vakachema zvikuru. 10 Zvino vakati kwaari,
"Tichadzokera nemi kuvanhu vokwenyu."

11 Asi Naomi akati kwavari, "Dzokerai, vana vangu. Mungadireiko
kuenda neni? Ndichazova navamwe vanakomana, vangazova varume
venyu here? 12 Dzokerai, vanasikana vangu; ini ndachembera kwazvo
zvokuti handingavi nomumwe murume. Kunyange dai ndaifunga kuti
ndichine tariro, kunyange ndaiva nomurume usiku huno ndikabereka
vanakomana, 13 maizovamirira kusvikira vakura here? Mungazogara
musina kuwanikwa nokuda kwavo here? Kwete, vanasikana vangu.
Izvi zvandishungurudza kwazvo kupinda imi, nokuti ruoko rwaJehovha
rwauya kuzorwisana neni!"

14 Nokuda kwaizvozvo, vakachema zvakare. Ipapo Opa akasvetana
navamwene akaonekana navo, asi Rute akanamatirana navo.

15 Naomi akati kwaari, "Tarira, mukadzinyina wako adzokera kuvanhu
vokwake nokuvamwari vake. Chidzokera naye."

16 Asi Rute akapindura akati, "Musandigombedzera kuti ndikusiyei kana
kukufuratirai. Kwamunoenda ndiko kwandichaendawo, uye pamunogara
ndipo pandichagarawo. Vanhu venyu vachava vanhu vangu uye Mwari
wenyu achava Mwari wangu. 17 Pamunofira ndipo pandichafirawo,
uye ndipo pandichavigwa. Jehovha ngaandirange, zvinorwadza kwazvo,
kana pakava nechimwe chinhu chingatiparadzanisa kunze kworufu."
18 Zvino Naomi akati aona kuti Rute akanga ashinga kuenda naye, akarega
kumugombedzera.

[19] Saka vakadzi vaviri ava vakaramba vachifamba kusvikira vasvika kuBheterehema. Vakati vasvika muBheterehema, guta rose rakazungunuswa nokuda kwavo, uye vakadzi vakakatyamara vachiti, "Angava Naomi here uyu?"

[20] Iye akati kwavari, "Musandidaidza kuti Naomi. Ndidaidzei kuti Mara, nokuti Wamasimba Ose akashungurudza upenyu hwangu kwazvo.
[21] Ndakaenda ndakazara, asi Jehovha akandidzosa ndisina chinhu. Seiko muchinditi Naomi? Jehovha akandirwadzisa; Wamasimba Ose akauyisa rushambwa pamusoro pangu."

[22] Naizvozvo Naomi akadzokera achibva kuMoabhu, naRute muMoabhu, muroora wake, vakasvika muBheterehema nguva yokukohwa bhari ichangotanga.

# 2

*Naomi anosangana naBhoazi*

[1] Zvino Naomi aiva nehama yokumurume wake, aibva kuimba yaErimereki, murume akasimukira, zita rake richinzi Bhoazi.

[2] Zvino Rute muMoabhu akati kuna Naomi, "Regai ndiende kuminda ndinonongera zviyo zvinosara ndiri shure kwaani zvake achandiitira nyasha."

Naomi akati kwaari, "Enda hako mwanasikana wangu." [3] Naizvozvo
akaenda kuminda akatanga kunongera ari muminda achitevera shure kwavacheki. Zvakaitika ndezvokuti akabva angoenda kundoshanda mumunda waBhoazi, uyo aibva kuimba yaErimereki.

[4] Panguva iyoyo Bhoazi akasvika achibva kuBheterehema ndokukwazisa vacheki achiti, "Jehovha ave nemi!"

Ivo vakapindura vachiti, "Jehovha akuropafadzei!"

[5] Bhoazi akabvunza mutariri wavacheki akati, "Ko, mukadzi wechidiki uyo ndewani?"

[6] Mutariri akapindura akati, "Mukadzi wechiMoabhu akadzoka pamwe
chete naNaomi vachibva kuMoabhu. [7] Ati, 'Ndapota nditenderei
kunongera ndichiunganidza pakati pezvisote ndiri mushure mavacheki.' Abva aenda mumunda akashanda nesimba kubva mangwanani kusvikira zvino, kunze kwenguva pfupi yaazorora ari mudumba iro."

[8] Saka Bhoazi akati kuna Rute, "Chinzwa, mwanasikana wangu. Usaenda kunonongera uri kuno mumwe munda uye usaenda kure uchibva
pano. Gara pano navashandi vangu vechisikana ava. [9] Utarire munda
uyo waunoona varume vachicheka, ugotevera mushure mavasikana. Ndarayira majaya kuti arege kukubata. Uye paunonzwira nyota, uende kunonwa mvura mumidziyo iyo yazadzwa namajaya."

[10] Ipapo, akawira pasi nechiso chake akatsikitsira pasi. Akashamisika, akati, "Zvaita sei kuti ndiwane nyasha dzakadai pamberi penyu kuti mundione ini mutorwa?"

[11] Bhoazi akapindura achiti, "Ndakaudzwa pamusoro pezvose zvawakaitira vamwene vako kubva pakufa kwomurume wako, uye kuti wakasiya sei baba vako namai vako uye nenyika yokwako ukauya
kuzogara navanhu vawakanga usingazivi. [12] Jehovha ngaakuripire pane
zvawakaita. Jehovha, Mwari waIsraeri, ngaakupe mubayiro uzere, iye wawakauya ukavanda pasi pamapapiro ake."

13 Rute akati, “Regai ndirambe ndichiwana nyasha pamberi penyu, ishe
wangu. Mandinyaradza uye mataura netsitsi kumurandakadzi wenyu
kunyange ndisina kufanana navamwe varandakadzi venyu.”
14 Panguva yokudya, Bhoazi akati kwaari, “Uya kuno. Tora chingwa
udye uchiseva muvhiniga iyi.”
Akati agara pasi navacheki, Bhoazi akamupa zviyo zvakakangwa.
Akadya zvose zvaaida zvimwe zvikasara. 15 Paakasimuka kuti anongere,
Bhoazi akarayira majaya ake achiti, “Kunyange akaunganidza pakati
pezvisote, musamudzivisa. 16 Asi, mumuvhomorere dzimwe tsama, kubva
pamasumbu enyu mumusiyire agononga, uye musamutsiura.”
17 Naizvozvo Rute akanongera ari mumunda kusvikira manheru.
Ipapo akapura bhari raakanga aunganidza, rikasvika pachiero cheefa*.
18 Akaritakura akaenda naro kuguta, vamwene vake vakaona kuti akanga
aunganidza zvakadini. Rute akavigirawo vamwene vake zvaakanga asiya
paakanga adya akaguta.
19 Vamwene vake vakamubvunza vakati, “Nhasi wanga uchinongera uri
kupiko? Washandirepi? Ngaaropafadzwe murume uyo akuona.”
Ipapo Rute akaudza vamwene vake pamusoro pomunhu akanga ari
mwene wenzvimbo yaakanga achishandira. Akati kwaari, “Zita romu-
rume wandashanda naye nhasi ndiBhoazi.”
20 Naomi akati kumuroora wake, “Jehovha ngaamuropafadze! Iye asina
kurega kuratidza tsitsi kuvapenyu navakafa.” Akatizve, “Murume iyeye
ihama yedu yapedyo; mumwe wavadzikinuri vedu.”
21 Ipapo Rute muMoabhu akati, “Abva ati kwandiri, ‘Gara navashandi
vangu kusvikira vapedza kucheka zviyo zvangu zvose.’ ”
22 Naomi akati kuna Rute muroora wake, “Zvichava zvakanaka kwauri
mwanangu, kuti uende navasikana vake, nokuti ukaenda mumunda
womumwe ungazokanganiswa.”
23 Saka Rute akagara pedyo navasikana vaishandira Bhoazi achinongera
kusvikira kuchekwa kwegorosi nebhari kwapera. Uye iye akagara
navamwene vake.

# 3

*Rute naBhoazi paBuriro*

1 Rimwe zuva Naomi, vamwene vake vakati kwaari, “Mwanasikana
wangu, handingaedzi kukuwanira musha here, paungawana zvinokurir-
itira zvakakwana? 2 Ko, Bhoazi ane vasikana vawanga uchishanda navo
haasi hama yedu yapedyo here? Achange ari paburiro achirudza bhari
nhasi manheru. 3 Shamba ugozora mafuta anonhuhwira, ugopfeka nguo
dzako dzakaisvonaka. Ipapo ugodzika kuburiro, asi usaite kuti azive kuti
iwe uripo kusvikira apedza kudya nokunwa. 4 Kana orara, ucherechedze
nzvimbo yaanorara. Ipapo ugoenda ufukure tsoka dzake ugorara pasi.
Achakuudza zvaunofanira kuita.”
5 Rute akapindura akati, “Ndichaita zvose zvamareva.” 6 Naizvozvo
akadzika kuburiro akaita zvose zvaakataurirwa navamwene vake.
7 Bhoazi akati apedza kudya nokunwa uye mwoyo wake wafara,
akaenda akandorara kumuchetocheto kwomurwi wezviyo. Rute akaswed-
era kwaari chinyararire, akafukura tsoka dzake akarara pasi. 8 Pakati
pousiku chimwe chinhu chakavhundutsa murume, akashanduka akaona
mukadzi akarara kumakumbo kwake.

* **2:17** 2:17 marita angaita 22

9 Akamubvunza akati, “Ndiwe aniko?”

Iye akati, “Ndini murandakadzi wenyu Rute. Tambanudzai chikamu chenguo yenyu muchiise pamusoro pangu, sezvo muri hama yapedyo nomudzikinuri.”

10 Akapindura akati kwaari, “Jehovha akuropafadze, mwanasikana
wangu. Tsitsi idzi dzakakura kupinda zvawakaratidza pakutanga.
Hauna kumhanyira majaya, hazvinei kuti varombo kana vapfumi.
11 Naizvozvo zvino, mwanasikana wangu, usatya. Ndichakuitira zvose
zvawakakumbira. Varume vose vagere neni muguta vanoziva kuti
uri mukadzi akatsiga. 12 Kunyange zvazvo chiri chokwadi kuti ndiri
hama yapedyo, pane imwe hama yapedyo ari pedyo kupfuura ini.
13 Chigara hako usiku huno, uye mangwanani kana achida kudzikinura,
zvakanaka, ngaadzikinure hake. Asi kana asingadi, naJehovha mupenyu
ini ndichazviita. Chivata pano kusvikira mangwanani.”

14 Naizvozvo akarara kumakumbo ake kusvikira mangwanani, asi akamuka mambakwedza pasina aigona kuzivikanwa kuti ndiani; uye Bhoazi akati, “Usaita kuti zvizivikanwe kuti pane mukadzi akauya paburiro.”

15 Akati kwaarizve, “Ndipe kuno mucheka wawakamonera ugoutambanudza.” Akati aita izvozvo, Bhoazi akadururira zviyero zvebhari zvitanhatu mauri akamutakudza pamusoro. Ipapo akadzokera kuguta.

16 Zvino Rute akati asvika kuna vamwene vake, Naomi akamubvunza akati, “Zvaita mafambiroi mwanasikana wangu?”

Ipapo iye akamuudza zvose zvaakanga aitirwa naBhoazi, 17 uye aka-
tizve, “Andipa zviyero zvitanhatu izvi zvebhari, akati, ‘Usadzokera kuna
vamwene vako usina chinhu.’ ”

18 Ipapo Naomi akati, “Chimira, mwanasikana wangu, kusvikira waona zvinoitika. Nokuti murume uyu haangazorori kusvikira agadzirisa nyaya iyi nhasi.”

# 4

*Bhoazi anowana Rute*

1 Zvichakadaro, Bhoazi akakwira akaenda pasuo reguta akandogarapo. Hama yapedyo mudzikinuri uya waaireva akati asvika, Bhoazi akati kwaari, “Douya napano, shamwari yangu, ugogara pasi.” Naizvozvo akaenda akandogara pasi.

2 Bhoazi akatora vakuru veguta gumi akati kwavari, “Garai pano apa,”
ivo vakaita saizvozvo. 3 Ipapo akati kuhama yapedyo, mudzikinuri,
“Naomi uya akadzoka kumusha kubva kuMoabhu, ari kutengesa munda
waiva waErimereki hama yedu. 4 Ndafunga kuti ndiise nyaya kwauri
nokukupa zano rokuti utenge pamberi paavo vagere pano uye napamberi
pavakuru vavanhu vangu. Kana uchida kuudzikinura, ita hako izvozvo.
Asi kana usingadi, ndiudze, kuti ndigoziva. Nokuti hapana mumwe ane
mvumo yokuzviita kunze kwako, uye ini ndini ndinokutevera.”

Iye akati, “Ndichautenga.”

5 Ipapo Bhoazi akati, “Pazuva raunotenga munda uyu kubva kuna Naomi naRute muMoabhu, unotorawo chirikadzi yomushakabvu, kuitira kuti mumutse zita romufi nenhaka yake.”

6 Uye hama yapedyo, mudzikinuri akati, “Kana zvakadaro handingagoni kuudzikinura nokuti ndingazokanganisa nhaka yanguwo. Chiutenga iwe pachako. Ini handikwanisi kuzviita.”

7 (Zvino pamazuva akare muIsraeri, pakutenga nokutsinhana midziyo
uye kuti zvisimbiswe, mumwe aibvisa shangu yake oipa kuno mumwe.
Iyi ndiyo yaiva nzira yokuita chibvumirano zviri pamutemo muIsraeri.)
8 Naizvozvo hama yapedyo, mudzikinuri akati kuna Bhoazi, "Chiutenga
iwe." Uye akabvisa shangu yake.
9 Ipapo Bhoazi akazivisa vakuru navanhu vose akati, "Nhasi muri
zvapupu zvokuti ndatenga kubva kuna Naomi zvake zvose nazvose zvaiva
zvaErimereki, zvaKirioni nezvaMaroni. 10 Ndatorawo Rute muMoabhu,
chirikadzi yaMaroni, kuti ave mukadzi wangu kuti ndimutse zita ro-
mushakabvu pamwe chete nenhaka yake, kuitira kuti zita rake rirege
kurova mumhuri yake kana mumabhuku eguta. Nhasi ndimi zvapupu!"
11 Ipapo vakuru navose vaiva pasuo vakati, "Tiri zvapupu isu. Jehovha
ngaaite kuti mukadzi ari kuuya mumusha mako ave saRakeri naRea,
avo vakavaka pamwe chete imba yaIsraeri. Iwe dai ukasimudzirwa
muEfurata uye ukava nomukurumbira muBheterehema. 12 Kubudikidza
navana vaunopiwa naJehovha nomukadzi wechidiki uyu, mhuri yako
ngaive seyaPerezi, uyo akaberekerwa Judha naTamari."

*Marudzi aDhavhidhi*

13 Naizvozvo Bhoazi akatora Rute akava mukadzi wake. Zvino akapinda
kwaari Jehovha akamuita kuti abate pamuviri, iye akabereka mwanako-
mana. 14 Vakadzi vakati kuna Naomi, "Jehovha ngaarumbidzwe, uyo asina
kukusiya usina hama yapedyo, mudzikinuri. Ngaave nomukurumbira
pakati peIsraeri yose! 15 Achavandudza upenyu hwako nokukuchengeta
pamazuva okuchembera kwako. Nokuti muroora wako, uyo anokuda uye
anokunda vanakomana vanomwe, ndiye amubereka."
16 Ipapo Naomi akatora mwana, akamuisa pamakumbo ake akamurera.
17 Vakadzi vaigarako vakati, "Naomi ava nomwana womukomana." Zvino
vakamutumidza kuti Obhedhi. Ndiye aiva baba vaJese, baba vaDhavhidhi.
18 Iyi ndiyo imba yaPerezi:

Perezi akabereka Hezironi,
19 Hezironi akabereka Ramu,
Ramu akabereka Aminadhabhi,
20 Aminadhabhi akabereka Nashoni,
Nashoni akabereka Sarimoni,
21 Sarimoni akabereka Bhoazi,
Bhoazi akabereka Obhedhi,
22 Obhedhi akabereka Jese,
uye Jese akabereka Dhavhidhi.

# 1 SAMUERI

*Kuberekwa kwaSamueri*
1 Zvino kwakanga kuno mumwe murume weRamataimu, muZufi,
wenyika yamakomo yaEfuremu, ainzi Erikana, mwanakomana waJero-
hamu, mwanakomana waErihu, mwanakomana waTohu, mwanakomana
waZufi muEfuremu. 2 Aiva navakadzi vaviri; mumwe ainzi Hana mumwe
achinzi Penina. Penina akanga ana vana asi Hana akanga asina.

3 Gore negore murume uyu aibuda achibva muguta rake kuti andona-
mata nokubayira zvibayiro kuna Jehovha Wamasimba Ose paShiro, Hofini
naFinehasi, vanakomana vaEri, vari vaprista vaJehovha. 4 Nguva dzose
zuva rokuti Erikana abayire chibayiro raiti kana rasvika, aipa migove
yenyama kumukadzi wake Penina nokuvanakomana vake navanasikana
vake vose. 5 Asi aipa Hana mugove wakapetwa kaviri nokuti aimuda, uye
Jehovha akanga azarira chibereko chake. 6 Zvino nokuti Jehovha akanga
azarira chibereko chake, muvengi wake Penina akaramba achingomu-
denha kuti amutsamwise. 7 Izvi zvakaitika gore negore. Nguva dzose
Hana paaienda kuimba yaJehovha, muvengi wake aimudenha kusvikira
achema obva atadza kudya. 8 Murume wake Erikana aibva ati kwaari,
“Hana, uri kuchemei? Sei usingadyi? Wakasuwa neiko? Handikoshi here
kwauri kudarika vanakomana gumi?”

9 Vakati vachangopedza kudya nokunwa muShiro, Hana akasimuka.
Zvino Eri muprista akanga akagara pachigaro pamukova wetemberi
yaJehovha. 10 Nokurwadziwa kwomwoyo, Hana akachema zvikuru akana-
mata kuna Jehovha. 11 Uye akaita mhiko achiti, “Jehovha Wamasimba
Ose, dai mukangotarira bedzi pamusoro pokutambura kwomuranda
wenyu mugondirangarira, mugorega kukanganwa muranda wenyu asi
mumupe mwanakomana, ipapo ndichamupa kuna Jehovha kwamazuva
ose oupenyu hwake, uye hakuna chisvo chichashandiswa pamusoro
wake.”

12 Zvaakaramba achinamata kuna Jehovha, Eri akacherechedza muromo
wake. 13 Hana akanga achinamata mumwoyo make uye miromo yake
yakanga ichifamba asi inzwi rake rakanga risinganzwiki. Eri akafunga
kuti akanga akadhakwa, 14 akati kwaari, “Ucharamba uchidhakwa kusvika
riniko? Siyana newaini yako.”

15 Hana akapindura akati, “Kwete, ishe wangu, ndiri mukadzi ane
shungu pamweya. Ndanga ndisinganwi waini kana doro; ndanga
ndichidurura mwoyo wangu kuna Jehovha. 16 Musatora muranda
wenyu somukadzi akaipa; ndanga ndichinyengetera pano zvichibva
mukushushikana nokutambudzika kwangu kukuru.”

17 Eri akapindura achiti, “Enda norugare, uye Mwari waIsraeri
ngaakupe zvawakumbira kwaari.”

18 Akati, “Murandakadzi wenyu ngaawane nyasha pamberi penyu.”
Ipapo akaenda hake akandodya, uye uso hwake hahuna kuzoramba
hwakasuruvara.

19 Mangwanani omusi waitevera vakamuka vakanamata pamberi pa-
Jehovha vakadzokera kumusha kwavo kuRama. Erikana akasangana
naHana mukadzi wake, Jehovha akamurangarira. 20 Naizvozvo noku-
famba kwenguva, Hana akabata pamuviri akabereka mwana mukomana.

Akamutumidza zita rokuti Samueri, achiti, "Nokuti ndakamukumbira kuna Jehovha."

*Hana anokumikidza Samueri*

21 Zvino murume uyu Erikana paakaenda nemhuri yake yose kundopa
zvibayiro zvapagore kuna Jehovha nokundozadzisa mhiko yake, 22 Hana
haana kuenda. Akati kumurume wake, "Mushure mokunge mukomana uyu ndamurumura, ndichamutora ndigomupa kuna Jehovha, uye achagara ikoko nguva dzose."

23 Erikana murume wake akati kwaari, "Ita zvaunoona zvakakunakira. Gara pano kusvikira wamurumura; dai Jehovha asimbisa shoko rake bedzi." Naizvozvo mukadzi uyu akagara kumba akarera mwanakomana wake kusvikira amurumura.

24 Mushure mokunge arumurwa, akatora mukomana uyu, ari mudiki sezvaaiva, pamwe chete nehando yamakore matatu neefa* youpfu hwakatsetseka nedende rewaini, uye akaenda naye kuimba yaJehovha
kuShiro. 25 Vakati vauraya hando, vakaenda nomukomana kuna Eri, 26 uye
Hana akati kwaari, "Zvirokwazvo noupenyu hwenyu ishe wangu, ndini mukadzi uya akamira parutivi penyu ndichinyengetera kuna Jehovha.
27 Ndakakumbira mwana uyu, uye Jehovha andipa zvandakamukumbira.
28 Saka iye zvino ndinomupa kuna Jehovha. Kwoupenyu hwake hwose achapiwa kuna Jehovha." Uye akanamata Jehovha ipapo.

# 2

*Munyengetero waHana*

1 Ipapo Hana akanyengetera achiti:
"Mwoyo wangu unofara muna Jehovha;
muna Jehovha runyanga rwangu rwasimudzirwa kumusoro.
Muromo wangu unotaura usingatyi pamusoro pavavengi vangu,
nokuti ndinofarira ruponeso rwenyu.

2 "Hakuna mutsvene akaita saJehovha;
hakuna mumwe kunze kwenyu;
hakuna Dombo rakaita saMwari wedu.

3 "Usaramba uchitaura uchizvikudza
uye manyawi ngaarege kubuda mumuromo mako,
nokuti Jehovha ndiMwari anoziva,
uye naye mabasa anoyerwa.

4 "Uta hwavarwi hwatyorwa,
asi avo vakagumburwa vashongedzwa simba.
5 Avo vaiva vakaguta vakandoshandira zvokudya zvavo,
asi avo vaiva nenzara havachanzwi nzara zvakare.
Uyo aiva asingabereki abereka vana vanomwe,
asi iye akanga ana vana vazhinji oshayiwa simba.

6 "Jehovha ndiye anouraya uye ndiye anoraramisa;
anodzikisa kuguva uye anomutsawo.
7 Jehovha ndiye anopa urombo uye noupfumi;
uye anoninipisa uye anosimudzira.

* **1:24** 1:24 marita angaita 22

8 Anosimudza varombo kubva paguruva
uye anosimudza vanoshaya kubva padurunhuru ramadota;
anovagarisa namachinda
uye anovaita kuti vagare nhaka yechigaro choumambo chokukudzwa.

“Nokuti nheyo dzenyika ndedzaJehovha,
pamusoro padzo akamisa nyika.
9 Acharinda tsoka dzavatsvene vake,
asi vakaipa vachanyaradzwa murima.

“Nokuti hakuna munhu achakunda nesimba rake.
10 Avo vanopikisa Jehovha vachaparadzwa.
Achavatinhirira ari kudenga;
Jehovha achatonga magumo enyika.

“Achapa simba kuna mambo wake,
uye achasimudzira runyanga rwomuzodziwa wake.”
11 Zvino Erikana akaenda kumusha kwake kuRama, asi mukomana
akashumira pamberi paJehovha ari pasi paEri muprista.

*Vanakomana vaEri vakanga vakaipa*

12 Vanakomana vaEri vakanga vari vanhu vakaipa; vakanga vasina
hanya naJehovha. 13 Zvino yakanga iri tsika yavaprista kuvanhu kuti
munhu paaibayira chibayiro uye nyama ichiri kubikwa, muranda wom-
uprista aiuya neforogo ine zvibayiso zvitatu muruoko rwake. 14 Aiinyudza
mugango, kana muhadyana, kana mugate kana mupoto, ipapo muprista
ozvitorera chero zvainge zvabudiswa neforogo. Aya ndiwo mabatiro
avaiita nawo vaIsraeri vose vaiuya kuShiro. 15 Asi, kunyange mafuta asati
atsva, muranda womuprista aiuya achiti kumurume aibayira chibayiro,
“Ipa muprista nyama yokugocha; haasi kuzogamuchira nyama yakabikwa
kubva kwauri, asi mbishi chete.”
16 Kana murume uya aiti kwaari, “Rega mafuta ambotanga atsva uye
iwe ugozotora chero zvaunoda,” muranda aibva apindura achiti, “Kwete,
ndipe kuno izvozvi; kana ukasandipa ndichaitora nechisimba.”
17 Ichi chivi chamajaya aya chaiva chakakura kwazvo pamberi paJe-
hovha, nokuti vaizvidza chipo chaJehovha.
18 Asi Samueri aishumira pamberi paJehovha, mukomana aive akapfeka
efodhi yomucheka. 19 Gore rimwe nerimwe, mai vake vaimuitira nguo diki
uye vaienda nayo kwaari pavaienda nomurume wavo kundopa chibayiro
chegore. 20 Eri aibva aropafadza Erikana nomukadzi wake achiti, “Jehovha
ngaakupe vana nomukadzi uyu kuti vatore nzvimbo youyo waakakumbira
uye akamupa kuna Jehovha.” Ipapo vaibva vaenda kumusha kwavo.
21 Zvino Jehovha akava nenyasha kuna Hana; akabata pamuviri akabereka
vanakomana vatatu navanasikana vaviri. Zvichakadaro, mukomana uyu
Samueri akakura ari pamberi paJehovha.
22 Zvino Eri, uyo akanga akwegura kwazvo, akanzwa zvose zvaiitwa
navanakomana vake kuvaIsraeri vose zvokuti vairara namadzimai aishu-
mira pasuo reTende Rokusangana. 23 Saka akati kwavari, “Sei muchiita
zvinhu zvakadai? Ndinonzwa navanhu vose pamusoro pezviito zvenyu
zvakaipa izvi. 24 Kwete, vana vangu; harisi shoko rakanaka randinonzwa
richiparararira pakati pavanhu vaJehovha. 25 Kana munhu akatadzira
mumwe munhu, Mwari angamumiririre, asi kana munhu akatadzira
Jehovha, ndiani angamumiririre?” Kunyange zvakadaro, vanakomana

vake havana kuteerera kutsiura kwababa vavo, nokuti kwaiva kuda
kwaJehovha kuti avauraye.
26 Zvino mukomana uyu Samueri akaramba achikura pamumhu uye
napakudiwa naJehovha navanhu.

### *Chiprofita pamusoro peimba yaEri*

27 Zvino munhu waMwari akauya kuna Eri akati kwaari, "Zvanzi
naJehovha: 'Handina kuzviratidza pachena kuimba yababa vako here
pavaiva muIjipiti pasi paFaro? 28 Ndakasarudza baba vako kubva
kumarudzi ose aIsraeri kuti vave muprista wangu, kuti vakwire kuaritari
yangu, kundopisa zvinonhuhwira, uye kuti vapfeke efodhi pamberi pangu.
Ndakapawo imba yababa vako zvose zvipiriso zvaipiswa navaIsraeri.
29 Sei muchizvidza chibayiro changu nechipiriso changu, zvandakarayira
mumba mangu? Sei muchikudza vanakomana venyu kudarika ini
nokuzvikudza pachenyu nezvikamu zvakanakisisa zvezvipiriso zvose
zvinopiwa navanhu vangu veIsraeri?'
30 "Naizvozvo Jehovha, Mwari weIsraeri, anoti, 'Ndakavimbisa kuti imba
yako neimba yababa vako dzichashumira pamberi pangu nokusingaperi.'
Asi zvino Jehovha anoti, 'Ngazvive kure neni! Avo vanondikudza
ndichavakudza, asi avo vanondizvidza vachadzikisiswa. 31 Nguva iri
kuuya yandichagura simba rako nesimba reimba yababa vako, zvokuti
hakuchazova nomutana mumhuri yako 32 uye uchaona kutambudzika
muimba yangu. Kunyange zvazvo zvakanaka zvichizoitirwa Israeri,
mumhuri yako hamuzofi makava nomutana. 33 Mumwe nomumwe wenyu
wandisingabvisi paaritari yangu achasiyiwa kuti apofumadze meso enyu
nemisodzi uye kuti arwadzise mwoyo yenyu, uye zvizvarwa zvako zvose
zvichafa zvichine simba.
34 " 'Uye zvichaitika kuvanakomana vako vaviri, Hofini naFine-
hasi zvichava chiratidzo kwauri, vachafa vose zuva rimwe chete.
35 Ndichazvimutsira muprista akatendeka, achaita zvinoenderana nezviri
mumwoyo mangu nomundangariro dzangu. Ndichamisa imba yake
zvakasimba, uye achashumira pamberi pomuzodziwa wangu nguva dzose.
36 Ipapo wose achasara mumhuri yako achauya agokotama pamberi pake
kuti apiwe mari yesirivha nechimedu chechingwa agokumbirisa achiti,
"Dondipaiwo rimwe basa rouprista kuti ndingowana zvokudya." ' "

## 3

### *Jehovha anodana Samueri*

1 Mukomana uyu Samueri aishumira pamberi paJehovha ari pasi paEri.
Mumazuva iwayo shoko raJehovha rakanga risinganzwiki zvakanyanya,
kwakanga kusina zviratidzo zvizhinji.
2 Rimwe zuva usiku, Eri akanga akavata panzvimbo yake yamazuva
ose, uye meso ake akanga oonera madzerere, asisagoni kuona zvakanaka.
3 Mwenje waMwari wakanga usati wadzimwa, uye Samueri akanga
akarara pasi mutemberi yaJehovha, maiva neareka yaMwari. 4 Ipapo
Jehovha akadana Samueri.
Samueri akadavira achiti, "Ndiri pano." 5 Akamhanya kuna Eri
akasvikoti, "Ndiri pano, nokuti mandidana."
Eri akati, "Handina kukudana; dzokera unorara." Saka akaenda
akanorara.
6 Jehovha akadana zvakare achiti, "Samueri!" Uye Samueri akasimuka
akaenda kuna Eri akati, "Ndiri pano, nokuti mandidana."

Eri akati, “Mwanakomana wangu, handina kukudana; dzokera uno-
rara.”
7 Zvino Samueri akanga asati aziva Jehovha. Shoko raJehovha rakanga
risati razarurirwa kwaari.
8 Jehovha akadana Samueri kechitatu, Samueri akasimuka akaenda
kuna Eri akati, “Ndiri pano, nokuti mandidana.”
Ipapo Eri akaona kuti Jehovha akanga achidana mukomana uyu.
9 Saka
Eri akaudza Samueri kuti, “Enda unorara pasi, kana akakudana, uti,
‘Taurai Jehovha, nokuti muranda wenyu akateerera.’ ” Saka Samueri
akaenda akandorara pasi, panzvimbo yake.
10 Jehovha akauya akamirapo, akadana sapanguva dzimwe dzose achiti,
“Samueri! Samueri!”
Ipapo Samueri akati, “Taurai, nokuti muranda wenyu akateerera.”
11 Zvino Jehovha akati kuna Samueri, “Tarira, ndava kuda kuita chimwe
chinhu muIsraeri chichaita kuti nzeve dzavose vanochinzwa dziunge.
12 Panguva iyoyo ndichaitira Eri zvose zvandakataura pamusoro peimba
yake kubva kumavambo kusvika kumagumo.
13 Nokuti ndakamuudza
kuti ndichatonga mhuri yake nokusingaperi nokuda kwechivi chaaiziva
pamusoro pacho, vanakomana vake vakazvigadzirira kutukwa asi iye
haana kuvadzora.
14 Naizvozvo ndakatsidza kuimba yaEri ndichiti,
‘Mhosva yeimba yaEri haingayananisirwi nechibayiro kana nechipo.’ ”
15 Samueri akarara kusvika mangwanani uye akazozarura misuo
yeimba yaJehovha. Akatya kuudza Eri chiratidzo chake,
16 asi Eri
akamudana akati, “Samueri, mwanakomana wangu.”
Samueri akapindura akati, “Ndiri pano.”
17 Eri akabvunza akati, “Wakaudzweiko naJehovha? Usandivanzira
hako. Mwari ngaakurange zvakanyanya kana ukandivanzira kana
chinhu chimwe zvacho chaakakuudza.”
18 Saka Samueri akamuudza
zvose, akasamuvanzira chinhu. Ipapo Eri akati, “NdiJehovha, regai aite
zvaanoona zvakanaka.”
19 Samueri akakura uye Jehovha aiva naye; uye Jehovha haana kurega
kunyange shoko rake rimwe chete richiwira pasi.
20 Uye Israeri yose
kubva kuDhani kusvika kuBheerishebha vakaziva kuti Samueri akanga
asimbiswa somuprofita waJehovha.
21 Jehovha akaramba achionekwa
paShiro, uye ipapo akazviratidza kuna Samueri kubudikidza neshoko rake.

# 4

1 Uye shoko raSamueri rakasvika kuIsraeri yose.

### *VaFiristia vanopamba Areka*

Zvino vaIsraeri vakaenda kundorwa navaFiristia. VaIsraeri vakaungana
paEbhenezeri, vaFiristia vakavaka misasa yavo paAfeki.
2 VaFiristia vaka-
gadzirira varwi vavo kuti vandosangana neIsraeri, uye hondo payakanga
yava kuparadzira, Israeri yakakundwa navaFiristia avo vakauraya varume
zviuru zvina zvavo pavairwira.
3 Varwi pavakadzoka kumusasa, vakuru
veIsraeri vakabvunza vakati, “Sei Jehovha aita kuti tikundwe nhasi
pamberi pavaFiristia? Ngatitorei areka yesungano yaJehovha kubva
kuShiro, kuti igoenda nesu uye igotiponesa kubva muruoko rwavavengi
vedu.”
4 Naizvozvo vanhu vakatuma varume kuShiro, uye vakadzosa areka
yaJehovha Wamasimba Ose uye agere pachigaro choushe pakati pa-
makerubhi. Zvino vanakomana vaviri vaEri, Hofini naFinehasi, vaivapo
neareka yesungano yaMwari.

5 Areka yesungano yaJehovha payakauya mumusasa, Israeri yose
yakapururudza uye vakaita ruzha rukuru zvokuti pasi pakatinhira.
6 Pavakanzwa mheremhere, vaFiristia vakabvunza vakati, "Mheremhere
iri mumusasa wavaHebheru ndeyei?"

Vakati vazvinzwa kuti areka yaJehovha yakanga yauya mumusasa,
7 vaFiristia vakatya. Vakati, "Mwari asvika mumusasa. Tava munhamo!
Hapana chinhu chakadai seichi chati chamboitika. 8 Tine nhamo! Ndi-
aniko achatirwira pamaoko avamwari ava vane simba? Ndivo vamwari
vakarova vaIjipita namarudzi ose amatambudziko mugwenga. 9 Simbai
vaFiristia! Ivai varume, mukasadaro muchava varanda vavaHebheru
sezvavakanga vakaita kwamuri. Ivai varume, murwe!"

10 Saka vaFiristia vakarwa, vaIsraeri vakakundwa uye munhu wose
akatiza achidzokera kutende rake. Pakava nokuurayiwa kukuru; Israeri
yakarasikirwa navarwi vetsoka zviuru makumi matatu. 11 Areka yaJe-
hovha yakapambwa uye vanakomana vaviri vaEri, Hofini naFinehasi,
vakafa.

### *Kufa kwaEri*

12 Zuva rimwe chetero, mumwe murume weBhenjamini akamhanya
achibva kuhondo akaenda kuShiro, nguo dzake dzakabvaruka uye ane
guruva pamusoro wake. 13 Paakasvikako, Eri akanga akagara pachigaro
chake parutivi rwenzira, akangotarisa, nokuti mwoyo wake waityira areka
yaJehovha. Murume uyu paakapinda muguta akataura zvakanga zvaitika,
guta rose rakachema.

14 Eri akanzwa kuchema akandobvunza achiti, "Mheremhere iyi yose
ndeyeiko?"

Murume uyu akachimbidza kuenda kuna Eri, 15 akanga ava namakore
makumi mapfumbamwe namasere okuberekwa uye meso ava norutara
zvokuti akanga asisaoni. 16 Akati kuna Eri, "Ndiri kubva kuhondo izvozvi;
ndatotizako nhasi chaiye."

Eri akabvunza akati, "Chiiko chaitika mwanakomana wangu?"

17 Murume akauya neshoko akapindura achiti, "Israeri yatiza vaFiristia,
uye hondo yarasikirwa zvikuru. Uyewo vanakomana venyu vaviri Hofini
naFinehasi vafa, uye areka yaMwari yapambwa."

18 Paakataura nezveareka yaMwari, Eri akawa negotsi kubva pachigaro
chake parutivi rwesuo. Mutsipa wake wakatyoka akabva afa nokuti aiva
murume akanga akwegura uye ari mukobvu. Akanga atungamirira Israeri
kwamakore makumi mana.

19 Muroora wake, mukadzi waFinehasi, akanga ane pamuviri ava pedyo
nokuda kubatsirwa. Paakanzwa nhau idzi dzokuti areka yaJehovha
yakanga yapambwa uye kuti vatezvara vake nomurume wake vakanga
vafa, akarwadziwa napamuviri akabereka mwana, asi akakurirwa namar-
wadzo ake pakusununguka. 20 Paakanga ava kufa madzimai aimubatsira
akati, "Usaora mwoyo wabatsirwa nomwana mukomana." Asi haana
kumbopindura kana kuzviteerera.

21 Akatumidza mukomana uyu kuti Ikabhodhi, achiti, "Kubwinya
kwabva muIsraeri," nokuda kwokutorwa kweareka yaMwari uye nokufa
kwatezvara vake nomurume wake. 22 Akati, "Kubwinya kwabva muIs-
raeri, nokuti areka yaMwari yapambwa."

# 5

*Areka muAshidhodhi nomuEkironi*

1 Mushure mokunge vaFiristia vapamba areka yaMwari, vakaitora
kubva kuEbhenezeri vakaenda nayo kuAshidhodhi. 2 Ipapo vakatakura
areka vakapinda nayo mutemberi yaDhagoni vakaiisa parutivi rwaDhag-
oni. 3 Vanhu veAshidhodhi pavakamuka mangwanani-ngwanani zuva
raitevera, wanei hoyo Dhagoni akawira pasi nechiso pamberi peareka
yaJehovha! Vakatora Dhagoni vakamudzosera panzvimbo yake. 4 Asi
mangwanani aitevera pavakamuka wanei hoyo Dhagoni akawira pasi
nechiso pamberi peareka yaJehovha! Musoro wake namaoko zvakanga
zvadimbuka zvisisipo uye zviri pasi pachikumbaridzo chomukova, muviri
wake bedzi ndiwo wakanga wangosara. 5 Ndokusaka kusvika nanhasi
kusina vaprista vaDhagoni kana vamwewo zvavo vanopinda mutemberi
yaDhagoni paAshidhodhi vanotsika pachikumbaridzo chomukova.

6 Ruoko rwaMwari rwakatambudza zvikuru vanhu veAshidhodhi nen-
zvimbo dzakaikomberedza; akauyisa kuparadzwa pamusoro pavo uye
akavarova namamota. 7 Vanhu veAshidhodhi pavakaona zvakanga
zvichiitika vakati, "Areka yaMwari weIsraeri haifaniri kugara pano nesu
nokuti ruoko rwake rwatitambudza zvikuru isu naDhagoni mwari wedu."
8 Saka vakadana pamwe chete vatongi vose vavaFiristia vakavabvunza
vachiti, "Toitei neareka yaMwari weIsraeri?"

Vakapindura vachiti, "Itai kuti areka yaMwari weIsraeri iendeswe
kuGati." Saka vakabvisa areka yaMwari weIsraeri.

9 Asi mushure mokunge vaibvisa, ruoko rwaMwari rwakarwisana
neguta iroro, uye akarivhundutsa nokuvhundutsa kukuru. Akarova
vanhu veguta iroro, vakuru navadiki, namamota. 10 Saka vakaendesa
areka yaMwari kuEkironi.

Areka yaMwari payakanga yava kupinda muEkironi, vanhu veEkironi
vakadanidzira, vachiti, "Vauyisa areka yaMwari weIsraeri kuti vatiuraye
isu navanhu vedu." 11 Saka vakadana pamwe chete vatongi vose vavaFiris-
tia vakati, "Dzoserai areka yaMwari weIsraeri kwakare, regai idzokere
kunzvimbo kwayo, nokuti ichatiuraya isu navanhu vedu." Nokuti rufu
rwakanga rwazadza guta nokuvhunduka; ruoko rwaMwari rwakanga
rwaritambudza zvikuru. 12 Avo vasina kufa vakarohwa namamota uye
kuchema kweguta kwakakwira kudenga.

# 6

*Areka inodzoserwa kuIsraeri*

1 Areka yaJehovha yakati yava nemwedzi minomwe iri munyika
yavaFiristia, 2 vaFiristia vakadana vaprista navavuki vakati, "Toitei
neareka yaJehovha? Tiudzei kuti toidzosera sei kunzvimbo yayo."

3 Vakapindura vachiti, "Kana muchidzosera areka yamwari weIs-
raeri, musaidzosera isina chinhu, asi edzai nepamunogona kumutumira
chipiriso chemhosva. Ipapo muchaporeswa, uye muchaziva kuti sei ruoko
rwake rusina kubviswa pamusoro penyu."

4 VaFiristia vakabvunza vakati, "Chipiriso chemhosva chatinofanira
kumutumira ndecheiko?"

Vakapindura vachiti, "Mamota mashanu egoridhe nembeva shanu
dzegoridhe, zvichienderana nouwandu hwavatongi vavaFiristia, nokuti
nedenda rimwe chetero akakurovai imi navatongi venyu. 5 Itai zviumbwa
zvamamota nembeva dzacho, izvo zviri kuparadza nyika, uye mugopa

kukudzwa kuna Mwari weIsraeri. Zvikada achasimudza ruoko rwake
kubva pamuri napana vamwari venyu nenyika yenyu. [6] Sei muchiomesa
mwoyo yenyu sezvakaitwa navaIjipita naFaro? Paakavabata nehasha,
havana kubudisa vaIsraeri here kuti vaende?
[7] "Naizvozvo torai mugadzirire ngoro itsva, nemhou mbiri dzinonwisa
uye dzisina kumbosungwa pajoko. Sungai mhou pangoro, asi torai
mhuru dzadzo mugodzipfigira muchirugu. [8] Torai areka yaJehovha
mugoiisa pangoro, uye mubhokisi parutivi payo isai zviumbwa zvegoridhe
zvamuri kutumirako kwaari sechipo chemhosva. Mugoituma iende,
[9] asi, murambe makaitarisa. Kana ikakwidza kuenda kunyika yayo,
kwakadziva kuBhetishemeshi, zvoreva kuti Jehovha ndiye anenge auyisa
njodzi pamusoro pedu. Asi kana ikarega, ipapo tichaziva kuti harusi ruoko
rwake rwakatirova uye kuti zvakangotiwirawo."
[10] Saka vakaita izvi. Vakatora mhou mbiri dzakadai vakadzisungirira
pangoro uye vakapfigira mhuru dzadzo muchirugu. [11] Vakaisa areka
yaJehovha pangoro pamwe chete nebhokisi rakanga rine mbeva dze-
goridhe nezviumbwa zvamamota. [12] Ipapo mhou dzakakwidza kuenda
Bhetishemeshi, dzakati tande nenzira uye dzichikuma nzira yose; hadzina
kutendeukira kurudyi kana kuruboshwe. Vatongi vavaFiristia vakadzitev-
era kusvikira kumuganhu weBhetishemeshi.
[13] Zvino vanhu veBhetishemeshi vakanga vachikohwa gorosi ravo
mumupata, uye pavakasimudza misoro yavo vakaona areka, uye vakafara
nokuiona. [14] Ngoro yakauya kumunda waJoshua weBhetishemeshi
uye ipapo yakamira parutivi rwedombo guru. Vanhu vakatema-tema
mapuranga engoro uye vakabayira mhou idzi sechipiriso chinopiswa kuna
Jehovha. [15] VaRevhi vakaburutsa areka yaJehovha, pamwe chete nebhok-
isi raiva nezviumbwa zvegoridhe, vakazvigadzika padombo guru. Musi
iwoyo vanhu veBhetishemeshi vakapa zvipiriso zvinopiswa vakabayira
zvibayiro kuna Jehovha. [16] Vatongi vashanu vavaFiristia vakaona zvose
izvi vakadzokera kuEkironi musi iwoyo.
[17] Aya ndiwo mamota egoridhe akatumirwa navaFiristia sechipiriso
chemhosva kuna Jehovha, rimwe kuAshidhodhi, rimwe kuGaza, rimwe
kuAshikeroni, rimwe kuGati nerimwe kuEkironi. [18] Uye uwandu
hwembeva dzegoridhe hwaienderana nouwandu hwamaguta avaFiristia
akanga ari avatongi vashanu, maguta aiva namasvingo nemisha yawo
yomumaruwa. Dombo guru ravakagadzika areka yaJehovha, riripo
nanhasi sechapupu mumunda waJoshua weBhetishemeshi.
[19] Asi Mwari akauraya vamwe vavarume veBhetishemeshi, akauraya
vanhu makumi manomwe vavo nokuti vakanga vadongorera mukati
meareka yaJehovha. Vanhu vakachema nokuti Jehovha akanga auraya
vanhu nokuuraya kukuru, [20] uye varume veBhetishemeshi vakabvunza
vachiti, "Ndiani angamira pamberi paJehovha, Mwari uyu mutsvene?
Areka iyi ichaenda kuna ani ichibva pano?"
[21] Ipapo vakatumira nhume kuvanhu veKiriati Jearimi vachiti, "VaFiris-
tia vadzosa areka yaJehovha. Dzikai kuno muzoitora kuti muende nayo
kwenyu."

## 7

[1] Saka varume veKiriati Jearimi vakauya vakatora areka yaJehovha.
Vakaiendesa kuimba yaAbhinadhabhi pachikomo uye vakatsaura Ereazari
mwanakomana wake kuti achengete areka yaJehovha.

### *Samueri anokurira vaFiristia paMizipa*

2 Areka yakaramba iri paKiriati Jearimi kwenguva yakareba kwazvo,
makore makumi maviri pamwe chete, uye vanhu vose veIsraeri
vakachema uye vakatsvaka Jehovha. 3 Ipapo Samueri akati kuimba
yeIsraeri, "Kana muchidzokera kuna Jehovha nemwoyo yenyu yose, zvino
chibvisai pakati penyu vamwari vavatorwa navaAshitoreti mugozviku-
mikidza kuna Jehovha uye mumushumire iye bedzi, uye achakudzikinurai
kubva muruoko rwavaFiristia." 4 Saka vaIsraeri vakarasa vose vaBhaari
vavo navaAshitoreti, vakashumira Jehovha chete.

5 Ipapo Samueri akati, "Unganidzai Israeri yose paMizipa uye
ndichakukumbirirai kuna Jehovha." 6 Vakati vaungana paMizipa,
vakachera mvura vakaidururira pamberi paJehovha. Nomusi iwoyo
vakatsanya ipapo vakareurura vachiti, "Takatadzira Jehovha." Uye
Samueri akava mutungamiri weIsraeri yose paMizipa.

7 VaFiristia vakati vanzwa kuti Israeri yakanga yaungana paMizipa,
vatungamiri vavaFiristia vakauya kuzovarwisa. Zvino vaIsraeri vakati
vazvinzwa, vakatya nokuda kwavaFiristia. 8 Vakati kuna Samueri,
"Musarega henyu kuramba muchidanidzira kuna Jehovha Mwari nokuda
kwedu, kuti atirwire pamaoko avaFiristia." 9 Ipapo Samueri aka-
tora gwayana rainwa akaribayira sechipiriso chinopiswa kuna Jehovha.
Akachema kuna Jehovha pamusoro peIsraeri, Jehovha akamupindura.

10 Samueri paakanga achibayira chipiriso chinopiswa, vaFiristia
vakaswedera pedyo kuti varwise Israeri. Asi zuva iroro Jehovha
akatinhira nokutinhira kukuru pamberi pavaFiristia akavavhundutsa
zvokuti vakakundwa pamberi pavaIsraeri. 11 Varume veIsraeri vakachim-
bidza kubuda muMizipa vakadzingirira vaFiristia, vakavauraya munzira
kusvikira kunzvimbo iri zasi kweBhetikari.

12 Ipapo Samueri akatora dombo akarimisa pakati peMizipa neSheni.
Akaritumidza kuti Ebhenezeri akati, "Jehovha akatibatsira kusvikira
pano." 13 Saka vaFiristia vakakurirwa uye havana kuzorwisa nyika
yavaIsraeri zvakare.

Uye ruoko rwaJehovha rwakarwa navaFiristia mazuva ose aSamueri.
14 Maguta anobva kuEkironi kusvikira kuGati akanga apambwa navaFiris-
tia kubva kuIsraeri akadzorerwa kwairi, uye Israeri yakasunungura
rimwe dunhu rayo kubva muruoko rwavaFiristia. Uye pakazova norun-
yararo pakati peIsraeri navaAmori.

15 Samueri akaramba ari mutongi weIsraeri kwoupenyu hwake hwose.
16 Gore negore aitenderera kubva kuBheteri achienda kuGirigari noku-
Mizipa, achitonga Israeri munzvimbo dzose idzodzo. 17 Asi aipota
achidzokera kuRama, kwaiva nomusha wake, uye ikokowo akatonga
Israeri. Uye akavakira Jehovha aritari ikoko.

# 8

*VaIsraeri vanokumbira Mambo*

1 Samueri akati akwegura, akagadza vanakomana vake kuti vave vatongi
veIsraeri. 2 Zita redangwe rake rainzi Joere uye zita rowechipiri rainzi
Abhia, uye vaishanda vari paBheerishebha. 3 Asi vanakomana vake
vakatsaukira kupfuma yakaipa, vakatambira fufuro, vakasaruramisira
pakutonga.

4 Saka vakuru vose veIsraeri vakaungana pamwe chete vakauya kuna
Samueri paRama. 5 Vakati kwaari, "Makwegura, uye vana venyu

havafambi munzira dzenyu; naizvozvo gadzai mambo kuti atitungamirire,
sezvakaita mamwe marudzi ose.”

6 Asi pavakati, “Tipei mambo kuti atitungamirire,” izvi hazvina kufadza
Samueri; saka akanyengetera kuna Jehovha. 7 Uye Jehovha akamuudza
kuti: “Teerera zvose zvinotaura vanhu kwauri; havana kuramba iwe,
asi varamba ini samambo wavo. 8 Sezvavakaita kubva pazuva ran-
dakavabudisa muIjipiti kusvikira nhasi, vachindisiya uye vachishumira
vamwe vamwari, ndizvo zvavari kuita nokwauri. 9 Zvino, teerera
zvavanotaura; asi uvayambire zvakasimba uye uvazivise zvichaitwa
namambo achavatonga.”

10 Samueri akataura mashoko ose aJehovha kuvanhu vakanga
vachimukumbira mambo. 11 Akati, “Izvi ndizvo zvichaitwa neachaku-
tongai: Achatora vanakomana venyu agoita kuti vashande nengoro
dzake dzehondo namabhiza, uye vachamhanya vari mberi kwengoro
dzake. 12 Vamwe vavo achavaita vatungamiri vezviuru navatungamiri
vamakumi mashanu, uye achaita kuti vamwe varime minda yake
pamwe chete nokuikohwa, uye achaita kuti vamwe vagadzire zvombo
zvehondo nemidziyo yengoro dzake. 13 Achatora vanasikana venyu kuti
vave vagadziri vamafuta anonhuhwira navabiki vezvokudya navabiki
vechingwa. 14 Achatora minda yenyu yakaisvonaka neminda yemizam-
biringa neminda yemiorivhi agozvipa kuvatariri vake. 15 Achatora
chegumi chembeu dzenyu namazambiringa enyu agozvipa kumachinda
ake nevanomushandira. 16 Varandarume venyu navarandakadzi venyu
nemombe dzenyu dzakaisvonaka nembongoro achazvitora kuti azvis-
handise pamabasa ake. 17 Achatora chegumi chamakwai enyu, uye
imi pachenyu muchava nhapwa dzake. 18 Zuva iroro parichasvika
muchachema kwazvo nokuda kwamambo iyeye wamazvisarudzira, uye
Jehovha haazokupindurai pazuva iroro.”

19 Asi vanhu vakaramba kuteerera Samueri. Vakati, “Kwete! Tinoda
mambo kuti atitonge. 20 Ipapo tichava sedzimwe nyika dzose, tiina mambo
anotitungamirira nokutiendera pamberi achitirwira hondo dzedu.”

21 Samueri akati anzwa zvose zvakanga zvataurwa navanhu, akan-
dozvitaura zvakare pamberi paJehovha. 22 Jehovha akapindura achiti,
“Vateerere uye uvape mambo.”

Ipapo Samueri akati kuvarume veIsraeri, “Munhu wose ngaadzokere
kuguta rake.”

# 9

*Samueri anozodza Sauro*

1 Kwakanga kuno murume worudzi rwaBhenjamini, ainzi Kishi
mwanakomana waAbhieri, mwanakomana waZerori, mwanakomana
waBhekorati, mwanakomana waAfia muBhenjamini, murume wesimba
noumhare. 2 Aiva nomwanakomana ainzi Sauro, jaya raiyemurika
rakanga risina akaenzana naro pakati pavaIsraeri, rakanga rakareba
kupfuura vose.

3 Zvino mbongoro dzaKishi, baba vaSauro, dzakanga dzarasika, Kishi
akati kuna Sauro mwanakomana wake, “Tora mumwe wavaranda uende
naye kundotsvaga mbongoro.” 4 Saka akapfuura nomunyika yamakomo
yeEfuremu, akapfuurawo nomunzvimbo yakapoteredza Sharisha, asi
havana kudziwana. Vakapfuurira mberi nomudunhu reSharimu, asi

mbongoro dzakanga dzisiko. Ipapo akapfuura nomunyika yaBhenjamini,
asi havana kudziwana.
5 Pavakasvika mudunhu reZufi, Sauro akati kumuranda waaiva naye,
"Uya tidzokere, zvimwe baba vangu vangarega kufunga nezvembongoro
vakatanga kufunganya pamusoro pedu."
6 Asi muranda akapindura achiti, "Tarirai, muguta rino mune munhu
waMwari; anoremekedzwa zvikuru uye zvinhu zvose zvaanotaura zvi-
noitika. Handei ikoko iye zvino. Zvichida achatiudza nzira yokuenda
nayo."
7 Sauro akati kumuranda, "Kana tikaenda, murume uyu tingandomupei?
Zvokudya zvanga zviri mumasaga edu zvapera. Hatina chipo chokundopa
munhu waMwari. Chii chatinacho?"
8 Muranda akamupindura zvakare achiti, "Tarirai, ndine chikamu
chimwe chete muzvina cheshekeri* resirivha. Ndichachipa kumunhu
waMwari kuti agotiudza nzira yokuenda nayo." 9 Kare munyika yeIsraeri,
kana munhu achienda kundobvunza Mwari, aiti, "Handei kumuoni,"
nokuti muprofita wanhasi ainzi muoni kare.
10 Sauro akati kumuranda wake, "Zvakanaka, uya tiende." Saka
vakasimuka vakananga kuguta kwaiva nomunhu waMwari.
11 Pavaikwira gomo kuenda kuguta iri, vakasangana navasikana vaienda
kundochera mvura, vakavabvunza vachiti, "Muoni aripo here?"
12 Vakapindura vachiti, "Aripo. Ari mberi kwenyu. Kurumidzai
achangosvika iye zvino muguta redu, nokuti vanhu vane chibayiro
panzvimbo yakakwirira. 13 Muchingopinda muguta muchamuwana asati
aenda kunzvimbo yakakwirira kundodya. Vanhu havatangi kudya asati
auya, nokuti anofanira kuropafadza chibayiro; mushure maizvozvo, avo
vanenge vakakokwa vozodya. Endai iye zvino; munofanira kumuwana
nguva idzo dzino."
14 Vakakwidza kuguta, uye pavakanga vava kupindamo vakaona
Samueri achiuya nokwavavakanga vari, ari munzira yake achikwidza
kunzvimbo yakakwirira.
15 Nezuro wacho Sauro asati asvika, Jehovha akanga aratidza izvi kuna
Samueri: 16 "Nenguva inenge ino mangwana ndichakutumira mumwe
anobva kunyika yaBhenjamini. Muzodze kuti ave mambo pamusoro
pavanhu vangu veIsraeri; achanunura vanhu vangu kubva muruoko
rwavaFiristia. Ndatarira vanhu vangu, nokuti kuchema kwavo kwasvika
kwandiri."
17 Samueri paakangoona Sauro, Jehovha akati kwaari, "Uyu ndiye
murume wandakataura newe pamusoro pake; achatonga vanhu vangu."
18 Sauro akaenda kuna Samueri pasuo akamubvunza achiti, "Mungandi-
udzewo here kune imba yomuoni?"
19 Samueri akapindura akati, "Ndini muoni. Chitungamira mberi
kwangu kunzvimbo yakakwirira, nokuti nhasi unofanira kudya neni,
mangwanani ndichakurega uchienda uye ndichakuudza zvose zviri mum-
woyo mako. 20 Kana zviri zvembongoro dzawakarasa mazuva matatu
apfuura, usafunganya pamusoro padzo, dzakawanikwa. Zvino zvido zvose
zveIsraeri zvatarira kuna ani kana kusiri kwauri iwe nemhuri yose yababa
vako?"
21 Sauro akapindura achiti, "Ko, handisi muBhenjamini, worudzi rudiki
pane mamwe ose aIsraeri here, uye mhuri yangu haisi diki here pamhuri
dzose dzaBhenjamini? Sei muchitaura chinhu chakadaro kwandiri?"

* **9:8** 9:8 magiramu angaita 3

22 Ipapo Samueri akatora Sauro nomuranda wake akapinda navo
mumba yokudyira akavagadzika kumusoro kwaavo vakanga vakokwa,
vaisvika makumi matatu. 23 Samueri akati kumubiki, "Uya nechidimbu
chenyama chandakakupa, chiya chandakuudza kuti uise parutivi."

24 Naizvozvo mubiki akatora gumbo nezvaiva pariri akazvigadzika
pamberi paSauro. Samueri akati, "Hezvi zvawakanga wachengeterwa. Idya, nokuti zvanga zvakachengeterwa iwe panguva ino, kubvira panguva yandakati, 'Ndakoka vanhu.' " Zvino Sauro akadya naSamueri musi iwoyo.

25 Mushure mokunge vadzika kubva kunzvimbo yakakwirira vakaenda
kuguta, Samueri akataura naSauro ari pamusoro pedenga reimba yake.
26 Vakamuka zuva richangobuda Samueri akadana Sauro ari padenga
pemba akati, "Gadzirira ndigokurega uende hako." Sauro akati agadzirira
iye naSamueri vakabuda panze pamwe chete. 27 Pavakanga vachienda
kumucheto weguta, Samueri akati kuna Sauro, "Taurira muranda kuti atungamire mberi kwedu." Muranda akaita saizvozvo. "Asi iwe chimbogara pano kwechinguva, kuti ndigokupa shoko rabva kuna Mwari."

# 10

1 Zvino Samueri akatora chinu chamafuta akadurura pamusoro
waSauro akamutsvoda uye akati, "Jehovha haana kukuzodza here kuti
uve mutungamiri wenhaka yake? 2 Pauchabva pandiri nhasi, uchasangana navarume vaviri pedyo neguva raRakeri, paZeriza pamuganhu waBhenjamini. Vachati kwauri, 'Mbongoro dzawakaenda kundotsvaga dzakawanikwa. Zvino baba vako havachafungi nezvadzo asi vava kufunganya pamusoro pako. Vava kungobvunza vachiti, "Ndichaiteiko nezvomwanakomana wangu?" '

3 "Ipapo uchapfuurira mberi kubva ipapo kusvikira wasvika pamuti mukuru weTabhori. Varume vatatu vanenge vachienda kuna Mwari kuBheteri vachasangana newe ipapo. Mumwe achange akatakura mbudzana
nhatu, mumwe marofu matatu echingwa, uye mumwe dende rewaini.
4 Vachakukwazisa vagokupa marofu maviri echingwa, auchatambira kubva kwavari.

5 "Mushure maizvozvo uchaenda kuGibhea, Gomo raMwari, kune boka ravarwi vavaFiristia. Pamunenge mava kusvika kuguta iri, muchasangana nedungwe ravaprofita vachidzika kubva kunzvimbo yakakwirira, mitengeranwa, tambureni, nenyere nembira, zvichiridzwa mberi kwavo,
uye vanenge vachiprofita. 6 Mweya waJehovha uchauya pamusoro pako
nesimba uye uchaprofita pamwe chete navo, uye uchashandurwa ugova
mumwe munhu. 7 Kana zviratidzo izvi zvangozadziswa, ita chinhu chipi nechipi chinowanikwa noruoko rwako kuti ruite, nokuti Mwari anewe.

8 "Tungamira mberi kwangu udzike kuGirigari. Zvirokwazvo ndichauya kwauri kuti ndizobayira zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana, asi unofanira kundimirira kwamazuva manomwe kusvikira ndauya kwauri ndigokuudza zvaunofanira kuita."

*Sauro anoitwa mambo*

9 Sauro akati achangotendeuka kuti abve pana Samueri, Mwari
akashandura mwoyo waSauro, uye zviratidzo zvose izvi zvakazadziswa
zuva iroro. 10 Pavakasvika kuGibhea, akasangana neboka ravaprofita;
Mweya waMwari wakauya pamusoro pake nesimba, uye akabatana navo
mukuprofita kwavo. 11 Vose vakanga vachimuziva kare vakati vamuona
achiprofita pamwe chete navaprofita, vakabvunzana vachiti, "Chiiko ichi

chaitika kumwanakomana waKishi? Sauro ava pakati pavaprofitawo here?”
12 Mumwe murume aigarako akapindura achiti, “Zvino baba vavo
ndiani?” Saka chakava chirevo chokuti, “Sauro ava pakati pavaprofitawo
here?” 13 Mushure mokunge Sauro apedza kuprofita, akaenda kunzvimbo
yakakwirira.
14 Zvino babamunini vaSauro vakamubvunza iye nomuranda wake
vachiti, “Makanga muripiko?”

Akapindura achiti, “Takanga tichitsvaga mbongoro. Asi patakaona kuti hadzisi kuzowanikwa takaenda kuna Samueri.”
15 Babamunini vaSauro vakati, “Ndiudzei kuti Samueri akati kudii
kwamuri.”
16 Sauro akapindura achiti, “Akatiudza pachena kuti mbongoro dza-
kanga dzawanikwa.” Asi haana kuudza babamunini vake nezvoumambo
zvakanga zvataurwa naSamueri.
17 Samueri akadana vanhu veIsraeri kuna Jehovha paMizipa
18 akati
kwavari, “Zvanzi naJehovha Mwari weIsraeri: ‘Ndakabudisa Israeri
muIjipiti, uye ndakakudzikinurai kubva kusimba reIjipiti noumambo
hwose hwaikudzvinyirirai.’
19 Asi iye zvino maramba Mwari wenyu,
anokuponesai panjodzi dzenyu nenhamo dzenyu. Uye makati, ‘Kwete,
isai mambo pamusoro pedu.’ Saka zvino chiuyai pamberi paJehovha muri
mumarudzi enyu nedzimba dzenyu.”
20 Samueri paakauyisa marudzi eIsraeri pedyo, rudzi rwaBhenjamini
rwakasarudzwa.
21 Ipapo akauyisa mberi rudzi rwaBhenjamini, mhuri
nemhuri, uye imba yaMatiri yakasarudzwa. Pakupedzisira, Sauro
mwanakomana waKishi akasarudzwa. Asi pavakamutsvaka haana
kuwanikwa.
22 Saka vakabvunzazve Jehovha, vachiti, “Murume uyu ati
auya pano here?”

Zvino Jehovha akati, “Hongu, ahwanda pakati penhumbi.”
23 Vakamhanya vakamuburitsa, uye paakamira pakati pavanhu, akanga
akareba kupfuura vamwe vose kubva pamafudzi kusvika kumusoro.
24 Samueri akati kuvanhu vose, “Muri kumuona here munhu asarudzwa
naJehovha? Hapana mumwe munhu akaita saye pakati pavanhu vose.”

Ipapo vanhu vakadanidzira vachiti, “Mambo ngaararame nokusingaperi!”
25 Samueri akatsanangurira vanhu mitemo youmambo uhu. Akainyora
pasi mubhuku akariisa pamberi paJehovha. Ipapo Samueri akaudza
vanhu kuti vaende mumwe nomumwe kumba kwake.
26 Sauro akaendawo kumba kwake kuGibhea, achiperekedzwa
navarume voumhare vane mweya yakanga yabatwa naMwari.
27 Asi
dzimwe nhubu dzakati, “Murume uyu angatiponesa sei?” Vakamuzvidza
vakasamuvigira zvipo. Asi Sauro akaramba anyerere.

# 11

*Sauro anonunura Guta reJabheshi*

1 Nahashi muAmoni akakwidza akaenda kundorwisa Jabheshi Gireadhi.
Zvino varume vose veJabheshi vakati kwaari, “Ita chibvumirano nesu
tigova pasi pako.”
2 Asi Nahashi muAmoni akapindura achiti, “Ndichaita chibvumirano
nemi bedzi kana ndabvisa ziso rokurudyi romumwe nomumwe wenyu
mose saizvozvo ndigonyadzisa Israeri yose.”

3 Vakuru veJabheshi vakati kwaari, “Tipe mazuva manomwe kuti
tigotuma nhume muIsraeri yose; kana pashaya mumwe chete anouya
kuzotinunura, tichazvipa kwamuri.”

4 Nhume padzakauya kuGibhea yaSauro vakaudza vanhu zvisungo izvi
vose vakachema zvikuru. 5 Panguva iyoyo Sauro akanga achibva kuminda,
ari shure kwehando dzake, akabvunza achiti, “Vanhu vaita sei? Vari
kuchemeiko?” Ipapo vakarondedzerazve zvakanga zvataurwa navarume
veJabheshi.

6 Sauro paakanzwa mashoko aya, mweya waMwari wakauya pamusoro
pake nesimba, akatsva nehasha. 7 Akatora hando mbiri, akadzicheka-
cheka, akatumidzira zvidimbu izvi nenhume muIsraeri yose, namashoko
okuti, “Izvi ndizvo zvichaitwa kuhando dzaani naani asingateveri Sauro
naSamueri.” Ipapo kutya kwaMwari kwakawira pamusoro pavanhu,
vakauya somunhu mumwe chete. 8 Sauro paakavaunganidza paBhezeki,
varume veIsraeri vaisvika mazana matatu ezviuru uye varume veJudha
zviuru makumi matatu.

9 Vakaudza nhume dzakanga dzauya kuti, “Muti kuvarume veJab-
heshi Gireadhi, ‘Mangwana kana zuva ropisa muchanunurwa.’ ” Nhume
padzakaenda dzikandotaura izvi kuvarume veJabheshi, vakafara kwazvo.
10 Vakati kuvaAmoni, “Mangwana tichazvipira kwamuri, uye muchaita
kwatiri zvose zvinenge zvakakunakirai.”

11 Zuva raitevera, Sauro akaisa vanhu vake muzvikwata zvitatu; pan-
guva yemambakwedza vakapinda mumusasa wavaAmoni vakavauraya
kusvikira zuva ropisa. Vakararama vakapararira, zvokuti hapana vaviri
vavo vakasara vari pamwe chete.

### *Sauro anosimbiswa saMambo*

12 Ipapo vanhu vakati kuna Samueri, “Ndiani akabvunza achiti, ‘Sauro
achatitonga here?’ Uyai navarume ava kwatiri tivauraye.”

13 Asi Sauro akati, “Hapana munhu achaurayiwa nhasi, nokuti nhasi
Jehovha anunura Israeri.”

14 Zvino Samueri akati kuvanhu, “Uyai tiende kuGirigari tindosimbisa
umambo ikoko zvakare.” 15 Saka vanhu vose vakaenda kuGirigari
vakasimbisa Sauro samambo pamberi paJehovha. Ipapo vakabayira zvipo
zvokuwadzana pamberi paJehovha, uye Sauro navaIsraeri vose vakava
nokupemberera kukuru.

# 12

### *Mashoko aSamueri oKuoneka*

1 Samueri akati kuvaIsraeri vose, “Ndakateerera zvose zvamakataura
kwandiri ndikagadza mambo pamusoro penyu. 2 Zvino mava namambo
somutungamiri wenyu. Kana ndiri ini, ndakwegura uye ndachena
musoro, uye vanakomana vangu vanemi pano. Ndakava mutungamiri
wenyu kubvira paudiki hwangu kusvikira zuva ranhasi. 3 Zvino ndiri
pano. Chindipupurirai pamberi paJehovha nomuzodziwa wake. Ndeyani
hando yandakatora? Ndeyani mbongoro yandakatora? Ndiani wan-
dakanyengera? Ndianiko wandakambodzvinyirira? Ndakagamuchira
fufuro kubva muruoko rwaani kuti ndipofumadze meso angu? Kana
ndakaita chimwe chaizvozvi, ndichazvigadzirisa.”

4 Vakapindura vachiti, “Hamuna kutinyengera kana kutidzvinyirira.
Hamuna kutora kana chinhu kubva muruoko rwomunhu.”

5 Samueri akati kwavari, “Jehovha ndiye chapupu chinokupomerai, uye
muzodziwa wake ndiye chapupu zuva ranhasi, kuti hamuna kuwana kana
chinhu muruoko rwangu.”

Vakati, “Ndiye chapupu.”

6 Ipapo Samueri akati kuvanhu, “Jehovha ndiye akasarudza Mozisi
naAroni akabudisa madzitateguru enyu kubva muIjipiti. 7 Naizvozvo
zvino chimbomirai nditaure nemi pamberi paJehovha pamusoro pezvose
zvakarurama zvamakaitirwa naJehovha, imi namadzibaba enyu.

8 “Mushure mokunge Jakobho aenda muIjipiti, vakachema kuna Jehovha
kuti vabatsirwe, uye Jehovha akatuma Mozisi naAroni, vakabudisa
madzitateguru enyu kubva muIjipiti vakavagarisa munzvimbo ino.

9 “Asi vakakanganwa Jehovha Mwari wavo; naizvozvo akavatengesa
kuna Sisera, mutungamiri wehondo yaHazori, uye nokumaoko avaFiristia
namambo weMoabhu, uyo akavarwisa. 10 Vakachema zvikuru kuna
Jehovha vachiti, ‘Takatadza; takasiya Jehovha tikashandira vanaBhaari
navaAshitoreti. Asi iye zvino tinunurei kubva mumaoko avavengi vedu,
tigokushumirai.’ 11 Ipapo Jehovha akatuma Jerubhi Bhaari, Bharaki, Jefuta
naSamueri, uye akakununurai kubva mumaoko avavengi venyu kumativi
ose, mukagara zvakanaka.

12 “Asi pamakaona kuti Nahashi mambo wavaAmoni akanga achiuya
kuzokurwisai, makati kwandiri, ‘Kwete, tinoda kuti tive namambo anoti-
tonga,’ kunyange zvazvo Jehovha Mwari wenyu akanga ari mambo wenyu.
13 Zvino hoyu mambo wamasarudza, uyo wamakakumbira; tarirai,
Jehovha agadza mambo pamusoro penyu. 14 Kana mukatya Jehovha
uye mukamushandira nokumuteerera uye mukasamukira mirayiro yake,
uye kana imi namambo anotonga pamusoro penyu mukatevera Jehovha
Mwari wenyu, zvichava zvakanaka! 15 Asi kana mukasateerera Jehovha,
uye kana mukamukira mirayiro yake, ruoko rwake rucharwa nemi,
sokurwa kwarwakaita namadzibaba enyu.

16 “Naizvozvo zvino, rambai mumire muone chinhu chikuru ichi chava
kuda kuitwa naJehovha pamberi penyu! 17 Haisi nguva yokukohwa gorosi
here ino? Ndichadana kuna Jehovha kuti atume kutinhira nemvura. Uye
muchaona kuti chinhu chakashata sei chamakaita pamberi paJehovha
pamakakumbira kuti mupiwe mambo.”

18 Ipapo Samueri akadana kuna Jehovha uye, nomusi iwoyo, Jehovha
akatuma kutinhira nemvura, nokudaro vanhu vose vakamira vakatya
Jehovha naSamueri.

19 Vanhu vose vakati kuna Samueri, “Nyengetererai varanda venyu kuna
Jehovha Mwari wenyu kuti tirege kufa, nokuti pamusoro pezvimwe zvivi
zvedu takawedzera chivi chokukumbira mambo.”

20 Samueri akapindura achiti, “Musatya. Makaita zvose zvakaipa izvi;
asi musatsauka kubva kuna Jehovha, asi shumirai Jehovha nomwoyo
wenyu wose. 21 Musatsaukira kuzvifananidzo zvisina maturo. Hazvina
chakanaka chazvingakuitirai, kana kukununurai, nokuti hazvina maturo.
22 Nokuda kwezita rake guru Jehovha haazorambi vanhu vake nokuti
Jehovha akafadzwa kuti akuitei vake. 23 Kana ndiri ini, ngazvive
kure neni kuti nditadzire Jehovha nokurega kukunyengetererai. Uye
ndichakudzidzisai nzira yakanaka uye yakarurama. 24 Asi ityai Jehovha,
mumushumire iye nokutendeka, nomwoyo wenyu wose; rangarirai
zvinhu zvikuru zvaakakuitirai. 25 Asi kana mukaramba muchiita zvakaipa,
imi namambo wenyu muchaparadzwa.”

# 13

### *Samueri anotsiura Sauro*

1 Sauro akanga ava namakore makumi matatu paakava mambo, uye
akatonga Israeri kwamakore makumi mana namaviri.

2 Sauro akasarudza varume vaIsraeri zviuru zvitatu; zviuru zviviri
zvavo zvaiva naye paMikimashi nomunyika yamakomo yeBheteri, uye
chiuru chimwe chete chaiva naJonatani paGibhea muBhenjamini. Vamwe
vose akavadzosa kumisha yavo.

3 Jonatani akarwisa boka ravarwi vavaFiristia vakanga vari paGebha,
vaFiristia vakazvinzwa. Uye Sauro akaridza hwamanda munyika yose
akati, "VaHebheru, inzwai!" 4 Uye Israeri yose yakanzwa nhau idzi
dzokuti, "Sauro arwisa boka ravaFiristia, Israeri yava chinhu chinonyan-
gadza pamberi pavaFiristia." Zvino vanhu vakadanwa kuti vandobatana
pamwe chete naSauro paGirigari.

5 VaFiristia vakaungana kuti varwise Israeri, vane zviuru zvitatu
zvengoro, nezviuru zvitatu zvavachairi vengoro, navarwi vakawanda
sejecha remhenderekedzo dzegungwa. Vakaenda vakandodzika misasa
paMikimashi, kumabvazuva kweBhetiavheni. 6 Varume veIsraeri vakati
vaona kuti zvinhu zvaipa uye kuti hondo yavo yakanga yamanikidzwa
zvikuru, vakavanda mumapako nomumatenhere, pakati pamatombo,
nomumakomba nomumigodhi yemvura. 7 Vamwe vaHebheru vakatoyam-
buka Jorodhani vakaenda kunyika yeGadhi neGireadhi.

Sauro akasara paGireadhi uye varwi vose vaaiva navo vakadedera
nokutya. 8 Akamira kwamazuva manomwe, nguva yakanga yatarwa
naSamueri; asi Samueri haana kuuya kuGirigari, uye varwi vaSauro
vakatanga kupararira. 9 Saka akati, "Ndiunzirei chipiriso chinopiswa
nezvipiriso zvokuyananisa." Ipapo Sauro akapa chipiriso chinopiswa.
10 Achingopedza kupa chipiriso, Samueri akasvika, Sauro akaenda kun-
domukwazisa.

11 Samueri akati, "Waiteiko?"

Sauro akapindura achiti, "Pandaona kuti varume vava kupararira,
uye kuti hamuna kusvika nenguva yakataurwa, uye kuti vaFiristia vava
kuungana paMikimashi, 12 ndafunga kuti, 'Zvino vaFiristia vachauya
kuzondirwisa paGirigari, uye handisati ndatsvaka nyasha dzaJehovha.'
Naizvozvo ndazvimanikidza kuti ndipe chipiriso chinopiswa."

13 Samueri akati, "Waita zvoupenzi. Hauna kuchengeta murayiro
wawakapiwa naJehovha Mwari wako; dai wanga wadaro, Jehovha
angadai asimbisa umambo hwako pamusoro peIsraeri kwenguva yose.
14 Asi iye zvino umambo hwako hahuchagari; Jehovha azvitsvakira munhu
anofadza mwoyo wake, akamugadza kuti ave mutungamiri wavanhu vake,
nokuti hauna kuchengeta murayiro waJehovha."

15 Uye Samueri akabva paGirigari akakwidza akaenda kuGibhea muB-
henjamini, uye Sauro akaverenga varume vaakanga anavo. Vaikarosvika
mazana matanhatu.

### *VaIsraeri vanoshaya zvombo zvokurwa nazvo*

16 Sauro nomwanakomana wake Jonatani navarume vaakanga anavo,
vaigara muGibhea muBhenjamini, asi vaFiristia vakanga vakadzika
misasa paMikimashi. 17 Vapambi vakabuda mumisasa yavaFiristia
vari mumapoka matatu. Rimwe boka rakananga kuOfira munha-
raunda yeShuari, 18 rimwe boka rakananga kuBhetihoroni, uye rechitatu

rakananga kumuganhu wakatarisana noMupata weZebhoimi kurutivi
rwerenje.

19 Zvino kwakanga kusina mupfuri munyika yeIsraeri nokuti vaFiristia
vakanga vati, "Zvichida vaHebheru vangagadzira minondo kana map-
fumo!" 20 Naizvozvo vaIsraeri vose vaidzika kuvaFiristia kuti van-
dorodzerwa miromo yamagejo, mapiki, matemo namajeko. 21 Muripo
wokurodzesa miromo yamagejo, namapiki, waiva zvikamu zviviri kubva
muzvitatu zveshekeri[*], uye muripo wokurodzesa forogo namatemo,
nezvibayiso zvemombe waiva chikamu chimwe chete kubva muzvitatu
cheshekeri[†].

22 Saka pazuva rokurwa hapana murwi waSauro naJonatani aiva
nomunondo kana pfumo muruoko rwake; Sauro chete nomwanakomana
wake Jonatani ndivo vaiva nazvo.

23 Zvino boka ravarwi ravaFiristia rakanga rabuda richienda kumupata
weMikimashi.

# 14

*Jonatani anorwisa vaFiristia*

1 Rimwe zuva Jonatani mwanakomana waSauro akati kujaya raitakura
zvombo zvake zvokurwa, "Uya tiende kumusasa wavarwi vevaFiristia
kudivi rimwe iro." Asi haana kuudza baba vake.

2 Sauro aigara nechokumucheto kweGibhea pasi pomuti womutamba
muMigironi. Aiva navarume vanokarosvika mazana matanhatu, 3 pakati
pavo pana Ahiya, akanga akapfeka efodhi. Akanga ari mwanako-
mana womukoma waIkabhodhi, Ahitubhi, mwanakomana waFinehasi,
mwanakomana waEri, muprista waJehovha muShiro. Hapana akaziva
kuti Jonatani akanga aenda.

4 Kumativi ose omupata waida kuyambukwa naJonatani kuti asvike pa-
musasa wavaFiristia, kwaiva namawere; mamwe ainzi Bhozezi, mamwe
achinzi Sene. 5 Mamwe mawere aiva nechokumusoro kwakadziva
kuMikimashi, mamwe ari zasi kwakadziva kuGebha.

6 Jonatani akati kujaya raitakura zvombo zvake zvokurwa, "Uya tiyam-
buke tiende kumusasa wavasina kudzingiswa avo. Zvichida Jehovha
achatirwira. Hapana chinodzivisa Jehovha kuti aponese, navakawanda
kana navashoma."

7 Mutakuri wezvombo akati, "Itai zvose zvamafunga. Endai mberi;
ndinemi pamweya napamwoyo."

8 Jonatani akati, "Uya tiyambuke zvino tinange kuvarume ava uye
tigorega vatione. 9 Kana vakati kwatiri, 'Mirai ipapo kusvikira tauya
kwamuri,' ticharamba tiri patiri ipapo uye hatizokwiri kwavari. 10 Asi
kana vakati, 'Uyai kuno kwatiri,' tichakwidza, nokuti ndicho chichava
chiratidzo chedu chokuti Jehovha avaisa mumaoko edu."

11 Saka vose vari vaviri vakazviratidza kuboka ravarwi ravaFiristia.
VaFiristia vakati, "Tarirai! VaHebheru vari kukambaira vachibuda mu-
makomba avanga vakavanda." 12 Varume veboka ravarwi vakadanidzira
kuna Jonatani nomubati wake nenhumbi dzokurwa vakati, "Kwirai kuno
kwatiri tigokudzidzisai chidzidzo."

Saka Jonatani akati kumubati wake wenhumbi dzokurwa nadzo, "Kwira
unditevere; Jehovha avaisa mumaoko avaIsraeri."

---

[*] **13:21** 13:21 magiramu angaita 8 [†] **13:21** 13:21 magiramu angaita 4

13 Jonatani akakwira achikambaira namaoko namakumbo ake, mubati
wenhumbi dzake dzokurwa ari mumashure make. VaFiristia vakati rakata
rakata kuwa pamberi paJonatani, uye mubati wenhumbi dzake dzokurwa
akatevera achiuraya mumashure make. 14 Pakurwisa kwokutanga,
Jonatani nomubati wake wenhumbi dzokurwa nadzo vakauraya varume
vanenge makumi maviri panzvimbo inenge hafu yeeka.

### *VaIsraeri vanokunda vaFiristia*

15 Ipapo kutya kwakabata varwi vose vakanga vari mumusasa nomu-
minda, navose vakanga vari mumapoka avarwi navapambi, uye pasi
pakadengenyeka. Kwakanga kuri kuvhundutswa kwakanga kwatumwa
naMwari.
16 Nharirire dzaSauro paGibhea muBhenjamini dzakaona varwi
vachinyungudika kumativi ose. 17 Ipapo Sauro akati kuvarume vakanga
vanaye, "Verengai varwi muone kuti ndivanaani vasipo pakati pedu."
Vakati vadaro vakaona kuti Jonatani nomubati wake wenhumbi dzokurwa
vakanga vasipo.
18 Sauro akati kuna Ahiya, "Uya neareka yaMwari." (Panguva iyoyo
vaIsraeri ndivo vakanga vanayo.) 19 Sauro achiri kutaura nomuprista,
mhirizhonga yakanyanyisa mumusasa wavaFiristia. Saka Sauro akati
kumuprista, "Dzosa ruoko rwako."
20 Ipapo Sauro navanhu vake vose vakaungana vakaenda kundorwa.
Vakawana vaFiristia vari mumhirizhonga huru, vachibayana mumwe
nomumwe neminondo yavo. 21 VaHebheru vaya vakanga vari ku-
vaFiristia kare uye vakanga vaenda navo kumusasa wavo vakayambuka
vakaenda kuvaIsraeri vakanga vana Sauro naJonatani. 22 VaIsraeri
vaya vose vakanga vavanda munyika yezvikomo yeEfuremu pavakanzwa
kuti vaFiristia vakanga votiza, vakateverawo muhondo vakavadzingirira
zvikuru. 23 Saka Jehovha akarwira vaIsraeri pazuva iro, uye hondo
yakaenderera mberi ikandopfuura Bheti Avheni.

### *Jonatani anodya Uchi*

24 Zvino varume veIsraeri vakaziya pazuva iro, nokuti Sauro akanga
asunga vanhu nemhiko achiti, "Ngaatukwe munhu anodya zvokudya
kusati kwadoka, ndisati ndazvitsivira vavengi vangu!" Saka hakuna
munhu pavarwi akaravira chokudya.
25 Hondo yose yakapinda musango, uye imomo maiva nouchi hwapasi.
26 Vakati vapinda musango, vakaona uchi huchiyerera, asi hakuna akaisa
ruoko rwake kumuromo wake, nokuti vakanga vachitya mhiko. 27 Asi
Jonatani akanga asina kunzwa kuti baba vake vakanga vasunga vanhu
nemhiko, saka akatambanudza muromo wetsvimbo yakanga iri muruoko
rwake akainyika muzinga rouchi. Akasimudzira ruoko rwake kumuromo
wake, meso ake akabengenuka. 28 Ipapo mumwe wavarwi akati kwaari,
"Baba vako vasunga varwi nemhiko vachiti, 'Ngaatukwe munhu upi zvake
anodya zvokudya nhasi!' Ndokusaka vanhu voziya."
29 Jonatani akati, "Baba vangu vanetsa nyika. Tarirai muone kuzaruka
kwaita meso angu pandaravira chidimbu chouchi uhu. 30 Zvaiva nani
sei dai vanhu vanga vadya nhasi zvimwe zvezvakapambwa zvavakatora
kuvavengi vavo. Kuurayiwa kwavaFiristia hakwaizova kukuru here?"
31 Musi iwoyo, shure kwokunge vaIsraeri vauraya vaFiristia kubva
paMikimashi kusvika kuAijaroni, vakaneta kwazvo. 32 Vakamhanyira
zvakapambwa, uye vakatora makwai, mombe nemhuru, vakazviuraya

pasi ipapo uye vakazvidya, pamwe chete neropa razvo. 33 Ipapo mumwe
akati kuna Sauro, "Tarirai vanhu vari kutadzira Jehovha nokudya nyama
ine ropa."

Iye akati, "Maputsa kutenda. Kungurutsirai dombo guru kuno uku
izvozvi." 34 Ipapo akati, "Endai pakati pavanhu mugovataurira kuti,
'Mumwe nomumwe wenyu ngaauye nemombe yake, namakwai uye
muzviurayire pano muzvidye. Musatadzira Jehovha muchidya nyama
ichine ropa rayo.' "

Saka munhu wose akauya nenzombe yake usiku ihwohwo akaiuraya
ipapo. 35 Ipapo Sauro akavakira Jehovha aritari; yakanga iri nguva yake
yokutanga kuita izvi.

36 Sauro akati, "Ngatiburukei zasi titevere vaFiristia usiku tindova-
paradza kusvikira mambakwedza, uye tirege kusiya kana mumwe wavo
ari mupenyu."

Ivo vakapindura vakati, "Itai zvamunoona kuti zvakanakisisa kwa-
muri."

Asi muprista akati, "Ngatibvunzei Mwari pano."

37 Saka Sauro akabvunza Mwari akati, "Ndoburuka nditevere vaFiristia
here? Muchavaisa mumaoko avaIsraeri here?" Asi Mwari haana
kumupindura musi iwoyo.

38 Naizvozvo Sauro akati, "Uyai pano, imi mose vatungamiri vehondo,
Ngatitsvakei chivi chaitwa nhasi. 39 Zvirokwazvo naJehovha, iye aka-
nunura upenyu hwavaIsraeri, kunyange dai ari Jonatani mwanakomana
wangu, anofanira kufa." Asi hapana kana mumwe wavarume akataura
shoko.

40 Ipapo Sauro akati kuvaIsraeri vose, "Imi mirai uko; ini naJonatani
mwanakomana wangu tichamira kuno uku."

Vanhu vakapindura vakati, "Itai zvamunoona kuti zvakanakisisa kwa-
muri."

41 Ipapo Sauro akanyengetera kuna Jehovha, Mwari waIsraeri akati,
"Ndipeiwo mhinduro yakarurama." Ipapo Jonatani naSauro vakabatwa
nomujenya, vanhu vakawanikwa vasina mhosva. 42 Sauro akati, "Kandai
mujenya pakati pangu nomwanakomana wangu Jonatani." Ipapo Jonatani
akabatwa.

43 Ipapo Sauro akati kuna Jonatani, "Ndiudze zvawaita."

Saka Jonatani akati kwaari, "Ndangoravira uchi ushoma nomuromo
wetsvimbo yangu. Zvino ndinofanira kufa here?"

44 Sauro akati, "Mwari ngaandirove, ngaandirove kwazvo, kana iwe
Jonatani ukasafa."

45 Asi vanhu vakati kuna Sauro, "Jonatani angafanira kufa, iye
akaponesa vaIsraeri nokuponesa kukuru kuya? Kwete! Zvirokwazvo
naJehovha mupenyu, hakuna kana bvudzi romusoro wake richawira pasi,
nokuti aita izvi nhasi achibatsirwa naMwari." Saka vanhu vakanunura
Jonatani, uye haana kuurayiwa.

46 Ipapo Sauro akarega kutevera vaFiristia, uye vakadzokera kunyika
yavo.

47 Shure kwokugadzwa kwaSauro ushe pamusoro pavaIsraeri, akarwa
navavengi vavo kumativi ose, vaiti: Moabhu, vaAmoni, Edhomu, madzi-
mambo eZobha, navaFiristia. Kwose kwaakatendeukira, akavatambudza.
48 Akarwa noumhare akakunda vaAmereki, akadzikinura vaIsraeri kubva
mumaoko avaya vakanga vavapamba.

### *Mhuri yaSauro*

49 Vanakomana vaSauro vaiva Jonatani, Ishivhi naMarikishua. Zita
romwanasikana wake wedangwe rainzi Merabhi, uye romuduku rainzi
Mikari. 50 Zita romukadzi wake rainzi Ahinoami, mwanasikana waAhi-
maazi. Zita romutungamiri wehondo yaSauro rainzi Abhineri, mwanako-
mana waNeri, uye Neri akanga ari babamunini vaSauro. 51 Kishi baba
vaSauro naNeri baba vaAbhineri vakanga vari vanakomana vaAbhieri.

52 Pamazuva ose aSauro pakanga pane hondo huru kwazvo navaFiristia,
uye Sauro aiti kana akaona munhu ane simba uye akashinga, aimutora
omuita murwi wake.

# 15

*Jehovha anoramba kuti Sauro arambe ari Mambo*

1 Samueri akati kuna Sauro, "Ndini ndakatumwa naJehovha kuti
ndizokuzodza kuti uve mambo pamusoro pavanhu vake ivo vaIsraeri;
saka teerera zvino kushoko rinobva kuna Jehovha. 2 Zvanzi naJehovha
Wamasimba Ose: 'Ndicharanga vaAmareki nokuda kwezvavakaita ku-
vaIsraeri pavakavadzivirira panzira panguva yavakabuda kubva kuIjipiti.
3 Zvino chienda undorwisa vaAmareki uye uparadze zvachose zvinhu
zvavo zvose. Usavarega vari vapenyu uuraye varume navakadzi, vana
navacheche, mombe namakwai, ngamera nembongoro.' "

4 Saka Sauro akadana vanhu akavaverenga paTeraimi, zviuru mazana
maviri zvavarwi vetsoka uye varume vaibva kuJudha zviuru gumi. 5 Sauro
akaenda kuguta ravaAmareki akavavandira ari mumupata. 6 Ipapo akati
kuvaKeni, "Endai, ibvai kuvaAmareki kuti ndirege kukuparadzai pamwe
chete navo; nokuti makaita mwoyo munyoro kuvaIsraeri vose panguva
yavakabuda muIjipiti." Naizvozvo vaKeni vakabva pakati pavaAmareki.

7 Ipapo Sauro akarwisa vaAmareki kubva paHavhira kusvikira kuShuri,
kumabvazuva kweIjipiti. 8 Akabata Agagi mambo wavaAmareki ari
mupenyu, uye akaparadza chose vanhu vake vose nomunondo. 9 Asi Sauro
nehondo yake vakarega Agagi namakwai akanakisisa nemombe, mhuru
dzakakora uye namakwayana, zvakanga zvakanaka zvose. Izvi havana
kuda kuzviparadza zvachose, asi zvinhu zvose zvakanga zvichizvidzikana
uye zvisina simba ndizvo zvavakaparadza zvachose.

10 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kuna Samueri richiti,
11 "Ndinozvidemba kuti ndakagadza Sauro kuti ave mambo, nokuti
akatsauka kubva kwandiri uye haana kuita zvandakamurayira." Samueri
akatambudzika, akachema kuna Jehovha usiku hwose.

12 Samueri akamuka mangwanani-ngwanani akaenda kuti andosangana
naSauro, asi akaudzwa kuti, "Sauro aenda kuKarimeri. Ikoko azvivakira
shongwe yokuzviremekedza, abvako akadzika kuGirigari."

13 Samueri akati asvika kwaari, Sauro akati, "Jehovha ngaakuropafadzei!
Ndakaita zvandakarayirwa naJehovha."

14 Asi Samueri akati, "Ko, zvino kuchema uku kwamakwai munzeve
dzangu ndokwei? Kukuma kwemombe kwandinonzwa uku chiiko?"

15 Sauro akapindura akati, "Varwi vakabva nazvo kuvaAmareki;
vakasiya makwai akanakisisa nemombe kuti vabayire kuna Jehovha
Mwari wenyu, asi zvimwe zvose takazviparadza chose."

16 Samueri akati kuna Sauro, "Mira! Rega ndikutaurire zvandakaudzwa
naJehovha nezuro usiku."

Sauro akati, "Ndiudzei."

17 Samueri akati, "Kunyange wakanga uri muduku pakufunga kwako
kare, ko, hauna kuitwa mukuru wamarudzi avaIsraeri here? Jehovha

akakuzodza kuti uve mambo wavaIsraeri. 18 Uye akakutuma par-
wendo, achiti, 'Enda undoparadza zvachose vanhu vose vakaipa, ivo
vaAmareki; uvarwise kusvikira vapera.' 19 Seiko usina kuteerera Jehovha?
Wakamhanyiririreiko kune zvakapambwa uchiita zvakaipa pamberi paJe-
hovha?"

20 Sauro akati, "Asi ndakateerera Jehovha. Ndakaenda parwendo rwan-
dakatumwa naJehovha. Ndakaparadza vaAmareki zvachose ndikauya
naAgagi mambo wavo. 21 Varwi vakatora makwai nemombe zvakabva
pane zvakapambwa, izvo zvakanakisisa zvavakatsaurira Mwari, kuitira
kuti vagozvibayira kuna Jehovha Mwari wenyu paGirigari."

22 Asi Samueri akapindura akati,

"Ko, Jehovha angafarira zvipiriso zvinopiswa nezvibayiro
sezvaanofarira kuteererwa kwenzwi raJehovha here?
Kuteerera kunokunda chibayiro,
uye kuteerera kunokunda mafuta amakondobwe.
23 Nokuti kumukira kwakafanana nechivi chokuvuka,
uye kusindimara kwakafanana nechivi chokunamata zvifananidzo.
Nemhaka yokuti wakaramba shoko raJehovha,
naiye akuramba kuti usaramba uri mambo."

24 Ipapo Sauro akati kuna Samueri, "Ndatadza, ndamukira murayiro
waJehovha nezvamakandirayira. Ndakanga ndichitya vanhu nokudaro
ndakateerera mashoko avo. 25 Zvino ndinokukumbirisai, ndikanganwirei
chivi changu mugodzoka neni, kuti ndigononamata Jehovha."

26 Asi Samueri akati kwaari, "Handingadzoki newe. Wakaramba shoko
raJehovha, saka Jehovha akuramba kuti uve mambo wavaIsraeri!"

27 Samueri akati atendeuka kuti abve, Sauro akabata mupendero
wenguo yake, ukabvaruka. 28 Samueri akati kwaari, "Jehovha abvarura
umambo hweIsraeri kubva kwauri nhasi uye ahupa kuno mumwe
wavavakidzani vako, kuna iye ari nani panewe. 29 Iye Kubwinya
kwaIsraeri haangarevi nhema kana kushandura pfungwa dzake; nokuti
haasi munhu, kuti angashandura pfungwa dzake."

30 Sauro akati, "Ndatadza hangu. Asi ndapota ndikudzei henyu pamberi
pavakuru vavanhu vangu napamberi pavaIsraeri; dzokai neni kuitira kuti
ndigononamata Jehovha Mwari wenyu." 31 Saka Samueri akadzokera
naSauro, ipapo Sauro akanamata Jehovha.

32 Zvino Samueri akati, "Uyai naAgagi mambo wavaAmareki kwandiri."

Agagi akauya kwaari akanyatsofara, achifunga kuti, "Zvirokwazvo
kuvava kworufu kwapfuura."

33 Asi Samueri akati,

"Munondo wako sezvo wakaita kuti vakadzi vashaye vana,
saizvozvo mai vako vachashayiwa mwana pakati pavakadzi."
Zvino Samueri akauraya Agagi pamberi paJehovha paGirigari.

34 Ipapo Samueri akabva akaenda kuRama, asi Sauro akakwidza
akaenda kumba kwake paGibhea raSauro. 35 Kusvikira pazuva rakafa
Samueri, haana kuzomboenda kundoona Sauro, kunyange Samueri aka-
muchema hake. Uye Jehovha akazvidemba kuti akanga aita kuti Sauro
ave mambo wavaIsraeri.

# 16

*Samueri anozodza Dhavhidhi*

1 Jehovha akati kuna Samueri, “Uchasvika riniko uchichema Sauro,
sezvo ini ndakamuramba kuti asava mambo wavaIsraeri? Zadza go-
namombe rako namafuta ugopinda munzira yako; ndiri kukutuma kuna
Jese wokuBheterehema. Ndasarudza mumwe wavanakomana vake kuti
ave mambo.”
2 Asi Samueri akati, “Ndingaenda seiko? Sauro achanzwa nezvazvo
akandiuraya.”
Jehovha akati, “Tora tsiru uende naro ugondoti, ‘Ndauya kuzobayira
kuna Jehovha.’ 3 Ukoke Jese kuti auye kuchibayiro, uye ini ndichaku-
ratidza zvokuita. Unofanira kundizodzera uyo wandichakuratidza.”
4 Samueri akaita zvakataurwa naJehovha. Akati asvika kuBheterehema,
vakuru vomusha vakadedera pavakasangana naye. Vakamubvunza
vakati, “Mauya norugare here?”
5 Samueri akati, “Hongu, ndauya norugare; ndauya kuzobayira kuna
Jehovha. Zvinatsei mugoenda neni kuchibayiro.” Ipapo akanatsa Jese
navanakomana vake akavakoka kuti vauye kuchibayiro.
6 Vakati vasvika, Samueri akaona Eriabhi akafunga kuti, “Zvirokwazvo
muzodziwa waJehovha ndiye amire pano pamberi paJehovha.”
7 Asi Jehovha akati kuna Samueri, “Rega kutarira chiso chake kana
mumhu wake, nokuti ndamuramba. Jehovha haatarisi zvinhu zvi-
noonekwa navanhu. Munhu anotarisa zviri kunze, asi Jehovha anotarisa
pamwoyo.”
8 Ipapo Jese akadana Abhinadhabhi akaita kuti apfuure napamberi
paSamueri. Asi Samueri akati, “Jehovha haana kusarudza uyuwo.”
9 Jese akaita kuti Shama apfuure napo, asi Samueri akati, “Nouyu haana
kusarudzwa naJehovha.” 10 Jese akaita kuti vanakomana vake vanomwe
vapfuure napamberi paSamueri, asi Samueri akati kwaari, “Jehovha
haana kusarudza ava.” 11 Saka akabvunza Jese akati, “Ava ndivo vose
vanakomana vaunavo here?”
Jese akapindura akati, “Kuchino mumwe muduku kuna vose, asi ari
kufudza makwai.”
Samueri akati, “Tuma munhu kwaari; hatingagari pasi kusvikira asvika
pano.”
12 Saka akatuma munhu kuti andouya naye. Akanga ari mutsvuku, ane
chiso chakaisvonaka nechimiro chakanaka.
Ipapo Jehovha akati, “Simuka umuzodze, nokuti ndiyeyu.”
13 Saka Samueri akatora gonamombe ramafuta akamuzodza pamberi
pamadzikoma ake, uye kubva pazuva iroro Mweya waJehovha wakauya
pamusoro paDhavhidhi nesimba. Ipapo Samueri akaenda kuRama.

*Dhavhidhi anoshandira Sauro*

14 Zvino Mweya waJehovha wakanga wabva pana Sauro, uye mweya
wakaipa wakabva kuna Jehovha ukamutambudza.
15 Varanda vaSauro vakati kwaari, “Tarirai mweya wakaipa unobva
kuna Mwari unokutambudzai. 16 Ishe ngaarayire varanda vake vari pano
kuti vatsvake mumwe munhu anogona kuridza mbira. Acharidza kana
mweya wakaipa unobva kuna Mwari wauya pamusoro penyu, uye imi
muchanzwa zviri nani.”
17 Saka Sauro akati kuvaranda vake, “Tsvakai munhu anogona kuridza
zvakanaka muuye naye kwandiri.”
18 Mumwe wavaranda akapindura akati, “Ndaona mwanakomana
waJese wokuBheterehema anoziva kuridza mbira. Murume asingatyi

uye murwi. Anogona kutaura zvakanaka uye munhu akaisvonaka. Uye
Jehovha anaye."
19 Ipapo Sauro akatuma nhume kuna Jese akati, "Nditumirewo
mwanakomana wako Dhavhidhi, uyo ari kumakwai." 20 Saka Jese
akatora mbongoro akaitakudza chingwa, guchu rewaini nembudzana
akazvitumira kuna Sauro naDhavhidhi mwanakomana wake.
21 Dhavhidhi akasvika kuna Sauro akapinda kundomushandira. Sauro
akamuda kwazvo, uye Dhavhidhi akava mumwe wavatakuri venhumbi
dzake dzokurwa. 22 Ipapo Sauro akatuma shoko kuna Jese, achiti,
"Tendera Dhavhidhi kuti andishandire, nokuti ndinofadzwa naye."
23 Mweya waibva kuna Mwari waiti wasvika pamusoro paSauro,
Dhavhidhi aibva atora mbira dzake oridza. Ipapo Sauro aibva anzwa
kusununguka; onzwa zviri nani uye mweya wakaipa wobva wamusiya.

# 17

*Dhavhidhi naGoriati*
1 Zvino vaFiristia vakakoka varwi vavo kuti vazorwa hondo ndokubva
vaungana paSoko muJudha. Vakadzika musasa paEfesi Dhamimi, pakati
peSoko neAzeka. 2 Sauro navaIsraeri vakaungana vakadzika musasa
mumupata weEra, vakatara mutaro wokurwa pavaizosangana navaFiris-
tia. 3 VaFiristia vakatora chimwe chikomo, vaIsraeri vakatora chimwe,
pakati pavo paine mupata.
4 Shasha yainzi Goriati yaibva kuGati, yakabuda pakati pomusasa
wavaFiristia. Akanga akareba makubhiti matanhatu*. 5 Akanga
ane nguwani yendarira pamusoro wake uye akanga akafuka nguo
dzokurwa dzamakwati endarira dzairema mashekeri zviuru zvishanu†;
6 pamakumbo ake akanga akapfeka zvidzitiro zvendarira, uye pfumo ren-
darira rakanga rakarembedzwa kumusana kwake. 7 Rwiriko rwepfumo
rake rwakanga rwakaita setsvimbo yomuruki, uye muromo waro wesimbi
wakanga uchirema mashekeri mazana matanhatu‡. Mutakuri wenhoo
yake aifamba ari mberi kwake.
8 Goriati akamira akadanidzira kuhondo dzavaIsraeri achiti, "Seiko
mabuda kuti muzogadzirira kurwa? Ko, ini handisi muFiristia, uye imi
hamusi varanda vaSauro here? Sarudzai murume mugoita kuti aburuke
kuno kwandiri. 9 Kana achigona kurwa uye akandiuraya, isu tichava
varanda venyu; asi kana ndikamukunda ndikamuuraya, imi muchava
varanda vedu uye muchatishandira." 10 Ipapo muFiristia akati, "Nhasi
ndiri kudenha hondo dzavaIsraeri! Ndipei murume kuti tirwe." 11 Sauro
navaIsraeri vose vakati vachinzwa mashoko omuFiristia vakavhunduka
uye vakatya.
12 Zvino Dhavhidhi akanga ari mwanakomana womuEfurata ainzi Jese,
uyo akanga achibva kuBheterehema reJudha. Jese akanga ana vanako-
mana vasere, uye pamazuva aSauro akanga ava mutana, akwegura,
ava namakore mazhinji. 13 Vanakomana vaJese vakuru vatatu vakanga
vatevera Sauro kuhondo: Wokutanga akanga ari Eriabhi; wechipiri,
Abhinadhabhi; uye wechitatu, Shama. 14 Dhavhidhi ndiye akanga ari
muduku kuna vose. Vakuru vatatu ava vakatevera Sauro, 15 Asi Dhavhidhi
aimbobva kuna Sauro achidzokera kundofudza makwai ababa vake
kuBheterehema.

* **17:4** 17:4 mamita angaita 3 † **17:5** 17:5 makirogiramu angaita 57 ‡ **17:7** 17:7 makirogiramu angaita 7

16 Kwamazuva makumi mana, muFiristia akauya pamberi mangwanani
oga oga namadekwana akamira.
17 Zvino Jese akati kuna Dhavhidhi mwanakomana wake, “Chitora
efa§ iyi yezviyo zvakakangwa nezvingwa izvi gumi ukurumidze kundopa
madzikoma ako kumusasa wavo. 18 Uendewo nezvidimbu izvi zvechizi
kumukuru wechiuru. Uone kuti madzikoma ako akadini ugouya neshoko
rinobva kwavari. 19 Vari pamwe chete naSauro navarume vose veIsraeri
muMupata weEra kwavari kurwa navaFiristia.”
20 Mangwanani-ngwanani, Dhavhidhi akasiya boka ramakwai rino
mufudzi, akarongedza akaenda, sezvaakanga arayirwa naJese. Akasvika
pamusasa varwi pavakanga vobuda kuti vaende kunzvimbo dzavo
dzokurwira, vachiita ruzha rwehondo, 21 VaIsraeri navaFiristia vakanga
vakamira pamitsetse yavo vakatarisana. 22 Dhavhidhi akasiya zvinhu
zvake zvino mutariri wenhumbi, akamhanyira kwakanga kwakamira
varwi, akakwazisa madzikoma ake. 23 Paakanga achitaura navo, Go-
riati, muFiristia, shasha yaibva kuGati, akabuda kubva kumitsetse yok-
wake akadanidzira achimhura sezvaaisiita, uye Dhavhidhi akazvinzwa.
24 VaIsraeri vakati vachiona murume uyu, vose vakamutiza vachitya
zvikuru.
25 Zvino vaIsraeri vakanga vachiti, “Muri kuona here murume uyu ari
kuramba achibuda? Ari kubuda kunze kuzoshora vaIsraeri. Mambo
achapa pfuma zhinji kumunhu anomuuraya. Achamupawo mwanasikana
wake kuti ave mukadzi wake, uye achasunungura mhuri yababa vake kuti
irege kuzobvisa mutero muIsraeri.”
26 Dhavhidhi akabvunza varume vakanga vamire naye akati, “Munhu
achauraya muFiristia uyu agobvisa chinyadziso ichi pavaIsraeri achaitir-
wei? Ndianiko muFiristia uyu asina kudzingiswa anoshora hondo
dzaMwari mupenyu?”
27 Vakadzokorora kwaari zviya zvavakanga vachitaura vakati kwaari,
“Ndizvo zvichaitirwa munhu anomuuraya.”
28 Eriabhi, mukoma mukuru waDhavhidhi, akati achimunzwa achitaura
navarume vaya, akamutsamwira zvikuru, akamubvunza akati, “Seiko
iwe waburuka ukauya kuno? Ko, makwai mashoma aya waasiya naani
kurenje? Ndinoziva manyawi ako nokuipa kwomwoyo wako; waburuka
kuno kuti uzoona hondo chete.”
29 Dhavhidhi akati, “Ko, zvino ndaita sei hangu? Ko, handingatongotau-
riwo here?” 30 Ipapo akatendeukira kuno mumwezve akamubvunza shoko
rimwe chetero, vanhu vakamupindurazve saizvozvo. 31 Zvakataurwa
naDhavhidhi zvakanzwikwa uye runyerekupe rukaziviswa kuna Sauro,
uye Sauro akatuma munhu kundomudana.
32 Dhavhidhi akati kuna Sauro, “Ngaparege kuva nomunhu anoora
mwoyo nokuda kwomuFiristia uyu; muranda wenyu achaenda kundorwa
naye.”
33 Sauro akamupindura akati, “Haungagoni kuenda kundorwa nomu-
Firistia uyu; iwe uchingori mukomana zvako, uye iye akagara ari munhu
wokurwa kubva paujaya hwake.”
34 Asi Dhavhidhi akati kuna Sauro, “Muranda wenyu akanga achifudza
makwai ababa vake. Shumba kana bere zvaiti zvikauya, zvikatakura
gwai kubva paboka ramakwai, 35 ndaitevera, ndigoiuraya ndigoponesa
gwai kubva pamuromo wayo. Yakati ichitendeukira kwandiri, ndakaibata

§ **17:17** 17:17 marita angaita 22

nemvere dzayo, ndikaibaya ndikaiuraya. 36 Muranda wenyu akauraya
zvose shumba nebere; muFiristia uyu asina kudzingiswa achafanana
nechimwe chazvo, nokuti ashora hondo dzaMwari mupenyu. 37 Jehovha
akandirwira pagumbo reshumba nerebere, ndiye achandirwira muruoko
rwomuFiristia uyu."

Sauro akati kuna Dhavhidhi, "Enda, uye Jehovha ave newe."

38 Ipapo Sauro akashongedza Dhavhidhi nenguo dzake. Akamupfekedza
jasi rokurwa uye nguwani yendarira pamusoro wake.

39 Dhavhidhi akasungira munondo wake pamusoro penguo akaedza
kufamba-famba nadzo akakundikana, nokuti akanga asina kudzizivira.

Akati kuna Sauro, "Handingaendi ndakapfeka idzi, nokuti handina
kudzijaira." Saka akadzibvisa. 40 Ipapo akabata tsvimbo yake muruoko
rwake, akasarudza hurungudo shanu murukova, akadziisa munhava yake
yomufudzi, uye ane chimviriri muruoko rwake, akaswedera kumuFiristia.

41 Zvichakadaro, muFiristia, nomutakuri wenhoo yake mberi kwake,
vakaramba vachiswedera pedyo naDhavhidhi. 42 Akatarisa akaona
kuti Dhavhidhi akanga ari mukomana zvake, mutsvuku, akanaka, uye
akamuzvidza. 43 Akati kuna Dhavhidhi, "Ndiri imbwa kanhi, zvau-
nouya kwandiri nezvimiti?" Uye navamwari vake, muFiristia akatuka
Dhavhidhi. 44 Akati, "Uya kuno ndigopa nyama yako kushiri dzedenga
nokumhuka dzesango!"

45 Dhavhidhi akati kumuFiristia, "Iwe unouya kwandiri nomunondo,
nepfumo uye nepfumo guru, asi ini ndinouya kwauri muzita raJe-
hovha Wamasimba Ose, Mwari wehondo dzavaIsraeri, uyo waunozvidza.
46 Nhasi Jehovha achakuisa muruoko rwangu, uye ndichakuuraya
ndigokugura musoro wako. Nhasi ndichapa mitumbi yehondo yavaFiristia
kushiri dzedenga nokuzvikara zvenyika, uye nyika yose ichaziva kuti
muIsraeri muna Mwari. 47 Vose vakaungana pano vachaziva kuti Jehovha
haaponesi nomunondo kana nepfumo; nokuti kurwa ndokwaJehovha, uye
achaisa imi mose mumaoko edu."

48 MuFiristia akati achiswedera pedyo kuti amuuraye, Dhavhidhi
akakurumidza kumhanyira kumutsara wokurwa kuti andosangana naye.
49 Akapinza ruoko rwake munhava ndokutora dombo, akaripotsera
nechimviriri akarova muFiristia pahuma. Dombo rakanyura muhuma
yake, akawira pasi nechiso chake.

50 Saka Dhavhidhi akakunda muFiristia nechimviriri uye nedombo;
akauraya muFiristia asina munondo muruoko rwake.

51 Dhavhidhi akamhanya akandomira pamusoro pake. Akatora
munondo womuFiristia akauvhomora mumuhara. Mushure mokunge
amuuraya, akagura musoro wake nomunondo.

VaFiristia vakati vaona kuti mhare yavo yafa, vakatendeuka vakatiza.
52 Ipapo varume veIsraeri neveJudha vakaenda mberi vachidanidzira
uye vakatevera vaFiristia kusvikira pasuo reGati nokumasuo eEkironi.
Vakafa vavo vakati kata kata mumugwagwa weShaaraimi waienda kuGati
nokuEkironi. 53 VaIsraeri vakati vadzoka kundodzinganisa vaFiristia,
vakapamba musasa wavo. 54 Dhavhidhi akatora musoro womuFiristia
akauya nawo kuJerusarema, uye akatora zvombo zvomuFiristia akazviisa
mutende rake.

55 Sauro akati atarisa Dhavhidhi achindosangana nomuFiristia, akati
kuna Abhineri, mukuru wehondo, "Abhineri, jaya iri mwanakomana
waaniko?"

Abhineri akati, “Zvirokwazvo noupenyu hwenyu, mambo, ini handizivi.”

56 Mambo akati, “Bvunza kuti jaya iri, mwanakomana waaniko?”

57 Dhavhidhi akati achangobva kundouraya muFiristia, Abhineri akamutora akamuendesa pamberi paSauro, Dhavhidhi achakangobata musoro womuFiristia.

58 Sauro akamubvunza akati, “Uri mwanakomana waaniko, nhai mujaya?”

Dhavhidhi akati, “Ndiri mwanakomana womuranda wenyu Jese wokuBheterehema.”

# 18

*Sauro anoitira Dhavhidhi godo*

1 Dhavhidhi akati apedza kutaura naSauro, Jonatani akanamatirana
naDhavhidhi mumweya, uye akamuda sezvaaizvida iye. 2 Kubva pazuva
iroro, Sauro akachengeta Dhavhidhi uye haana kuzomutendera kuti ad-
zokere kumba kwababa vake. 3 Uye Jonatani akaita sungano naDhavhidhi
nokuti aimuda sezvaaizvida iye. 4 Jonatani akakurura nguo yaakanga
akapfeka akaipa kuna Dhavhidhi, pamwe chete nechunika yake, uye
kunyange munondo wake, uta hwake nebhanhire rake.

5 Chimwe nechimwe chaaitumwa naSauro kuti aite, Dhavhidhi aizviita nomazvo chaizvo zvokuti Sauro akazomupa chinzvimbo chapamusorosoro muhondo. Izvi zvakafadza vanhu vose, uye namachinda aSaurowo.

6 Varume vakati vodzoka kumba, mushure mokunge Dhavhidhi au-
raya muFiristia, vakadzi vakabuda kundochingamidza Mambo Sauro
vachibva kumaguta ose eIsraeri vachiimba, vachitamba nziyo dzomufaro,
namatambureni nenyere. 7 Pavaitamba, vaiimba vachiti:

“Sauro akauraya zviuru zvamazana ake,
naDhavhidhi makumi ezviuru zvamazama ake.”

8 Sauro akatsamwa zvikuru; kuimba uku kwakamutsa hasha dzake
akati, “Vapa Dhavhidhi makumi ezviuru zvamazana, asi ini zviuru chete.
Chimwe chii chaangawana kunze kwoumambo?” 9 Kubva panguva iyoyo
Sauro akatarira Dhavhidhi neziso rine godo.

10 Fume mangwana, mweya wakaipa wakabva kuna Mwari wakauya nesimba pamusoro paSauro. Akanga achiprofita ari mumba make, Dhavhidhi achiridza mbira, sezvaaisiita nguva dzose. Sauro akanga
ane pfumo muruoko rwake, 11 uye akaripotsera, achiti mumwoyo make,
“Ndichabayira Dhavhidhi kumadziro.” Asi Dhavhidhi akamunzvenga kaviri kose.

12 Sauro akanga achitya Dhavhidhi, nokuti Jehovha akanga anaye asi
akanga abva kuna Sauro. 13 Saka akamuendesa kure naye uye akamuita
kuti ave mukuru wechiuru chavarwi, uye Dhavhidhi akatungamirira
varwi muhondo dzavo. 14 Pazvinhu zvose zvaaiita aibudirira zvikuru
kwazvo, nokuti Jehovha akanga anaye. 15 Sauro akati achiona kuti
Dhavhidhi aibudirira sei, akamutya. 16 Asi vaIsraeri navaJudha vose vaida
Dhavhidhi, nokuti akavatungamirira muhondo dzavo.

17 Sauro akati kuna Dhavhidhi, “Hoyu Merabhi mwanasikana wangu mukuru. Ndichamupa kwauri kuti ave mukadzi wako; chete iwe chindishandira wakashinga uye urwe hondo dzaJehovha.” Nokuti Sauro akafunga mumwoyo make achiti, “Handichasimudzi ruoko rwangu kuti ndirwe naye. VaFiristia ngavaite izvozvo!”

18 Asi Dhavhidhi akati kuna Sauro, "Ini ndini ani hangu, uye mhuri
yangu chiiko, kana imba yababa vangu muIsraeri, kuti ndive mukuwasha
wamambo?" 19 Saka nguva yakati yasvika yokuti Merabhi, mwanasikana
waSauro, apiwe kuna Dhavhidhi, akawaniswa kuna Adhirieri weMehorati.
20 Zvino Mikari mwanasikana waSauro akanga achida Dhavhidhi, saka
vakati vaudza Sauro izvozvo, akafara. 21 Akafunga akati, "Ndichamupa
iye kwaari, kuitira kuti agova musungo kwaari uye kuitira kuti zvimwe
ruoko rwavaFiristia rungarwe naye." Saka Sauro akati kuna Dhavhidhi,
"Zvino wava nomukana wechipiri wokuti uve mukuwasha wangu."
22 Ipapo Sauro akarayira varanda vake akati, "Tauriranai naDhavhidhi
pakavanda muti, 'Tarira, mambo ari kukufarira, uye varanda vake vose
vanokuda; zvino, chiva mukuwasha wake.' "
23 Vakadzokorora mashoko iwaya kuna Dhavhidhi. Asi Dhavhidhi akati,
"Munofunga kuti chinhu chiduku here kuva mukuwasha wamambo?
Ndinongori munhu murombo zvake uye asingazivikanwi."
24 Varanda vaSauro vakati vamuudza zvakanga zvataurwa naDhavhidhi,
25 Sauro akati, "Muti kuna Dhavhidhi, 'Mambo haasi kuda rimwezve
roora romwenga rinokunda zvikanda zvapamberi zvavaFiristia zana, kuti
atsive vavengi vake.' " Urongwa hwaSauro hwakanga huri hwokuurayisa
Dhavhidhi navaFiristia.
26 Varanda vakati vataurira Dhavhidhi zvinhu izvi, akafara kuti ave
mukuwasha wamambo. Saka nguva yakatarwa isati yapera, 27 Dhavhidhi
navanhu vake vakabuda vakauraya mazana maviri avaFiristia. Akauya
nezvikanda zvavo zvapamberi akazvipa zvose zvakakwana kuna mambo
kuitira kuti zvimwe angava mukuwasha wamambo. Ipapo Sauro akamupa
Mikari mwanasikana wake kuti ave mukadzi wake.
28 Sauro akati aona kuti Jehovha akanga ana Dhavhidhi uye kuti Mikari
mwanasikana wake akanga achida Dhavhidhi, 29 Sauro akatonyanya
kumutya, uye akaramba ari muvengi wake pamazuva ake ose.
30 Vakuru vehondo yavaFiristia vakaramba vachienda kundorwa, uye
nguva dzose dzavaienda, Dhavhidhi aibudirira kupfuura varanda vose
vaSauro, uye zita rake rakazonyanya kuzivikanwa.

# 19

*Sauro anoedza kuuraya Dhavhidhi*

1 Sauro akataurira mwanakomana wake Jonatani navaranda vake
vose kuti vauraye Dhavhidhi. Asi Jonatani aida Dhavhidhi zvikuru
2 akamuudza akati, "Baba vangu Sauro vari kutsvaka mukana wokuku-
uraya. Ungware, mangwana mangwanani; uende undovanda uye
ugare ikoko. 3 Ini ndichabuda ndigondomira nababa vangu mumunda
maunenge uri. Ndichataura navo pamusoro pako ndigozokuudza zvandi-
nenge ndaona."
4 Jonatani akataura zvakanaka pamusoro paDhavhidhi kuna Sauro
baba vake akati kwavari, "Mambo ngaarege kuita zvakaipa kumuranda
wake Dhavhidhi; haana kukutadzirai, uye zvaakaita zvakakubatsirai
zvikuru kwazvo. 5 Akabata upenyu hwake mumaoko ake paakauraya
muFiristia. Jehovha akakundira vaIsraeri vose nokukunda kukuru, uye
imi makazviona mukafara. Zvino munoitireiko zvakaipa kumunhu asina
mhosva saDhavhidhi nokumuuraya pasina chikonzero?"
6 Sauro akateerera kuna Jonatani akaita mhiko iyi achiti, "Zvirokwazvo
naJehovha mupenyu, Dhavhidhi haangaurayiwi."

7 Saka Jonatani akadana Dhavhidhi sapamazuva akare akamuudza
zvose zvavakanga vataurirana. Akauya naye kuna Sauro, uye Dhavhidhi
akava naSauro.

8 Hondo yakavapozve, Dhavhidhi akabuda akaenda akandorwa
navaFiristia. Akavauraya nokuuraya kukuru zvokuti vakatiza pamberi
pake.

9 Asi mweya wakaipa wakabva kuna Jehovha wakauya pamusoro
paSauro paakanga agere mumba make ane pfumo rake muruoko rwake.
Dhavhidhi paakanga achiridza mbira, 10 Sauro akaedza kumubayira
kumadziro nepfumo rake, asi Dhavhidhi akamunzvenga Sauro akabayira
pfumo mukati mamadziro. Usiku ihwohwo Dhavhidhi akatiza, akapun-
yuka.

11 Sauro akatuma vanhu kumba kwaDhavhidhi kuti vairinde uye
kuti vamuuraye mangwanani. Asi Mikari, mukadzi waDhavhidhi, aka-
muudza kuti, "Kana ukasatiza noupenyu hwako manheru ano, mangwana
uchaurayiwa." 12 Saka Mikari akaburutsa Dhavhidhi napawindo, iye
akatiza akapunyuka. 13 Ipapo Mikari akatora chidhori akachiradzika
pamubhedha, akachifukidza nejira akaisa mvere dzembudzi kumusoro
wacho.

14 Sauro akati atuma vanhu kundobata Dhavhidhi, Mikari akati, "Ari
kurwara."

15 Ipapo Sauro akadzorera vanhu kwakare kuti vandoona Dhavhidhi
akataura kwavari akati, "Uyai naye kuno kwandiri ari pamubhedha wake
kuti ndigomuuraya." 16 Asi varume vakati vapinda, vakaona kuti pakanga
pane chidhori pamubhedha, uye kuti pamusoro wacho paiva nemvere
dzembudzi.

17 Sauro akati kuna Mikari, "Seiko wakandinyengera kudai uchiendesa
muvengi wangu kure kuti apunyuke?"

Mikari akamuudza kuti, "Iye ati kwandiri, 'Ndirege ndiende hangu.
Ndichakuurayireiko iwe?' "

18 Dhavhidhi akati atiza, apunyuka, akaenda kuna Samueri kuRama aka-
muudza zvose zvakanga zvaitwa kwaari naSauro. Ipapo iye naSamueri
vakaenda kuNayoti vakandogarako. 19 Shoko rakasvika kuna Sauro
richiti, "Dhavhidhi ari kuNayoti paRama." 20 Saka akatuma vanhu
kundomubata. Asi vakati vaona boka ravaprofita vachiprofita, naSamueri
amire ipapo somutungamiri wavo, Mweya waMwari wakauya pamusoro
pavanhu vaSauro, naivowo vakaprofita. 21 Sauro akaudzwa nezvazvo,
akatumazve vamwe varume, naivowo vakaprofita. 22 Pakupedzisira, iye
akaendawo kuRama akaenda kutsime guru rapaSeku. Zvino akabvunza
akati, "Samueri naDhavhidhi varipiko?"

Ivo vakati, "Uko kuNayoti paRama."

23 Saka Sauro akaenda kuNayoti paRama. Asi Mweya waMwari wakauya
kunyange pamusoro pake, akafamba achiprofita kusvikira kuNayoti.
24 Akabvisa nguo dzake akaprofitawo pamberi paSamueri uye akavata
pasi akashama zuva rose nousiku hwose. Naizvozvo vanhu vanoti,
"NaSaurowo ari pakati pavaprofita here?"

# 20

*Dhavhidhi naJonatani*

1 Ipapo Dhavhidhi akatiza kubva kuNayoti paRama akaenda kuna
Jonatani akamubvunza akati, “Ndaita seiko hangu? Mhosva yangu ndeyei?
Baba vako ndavatadzirei, zvavanotsvaka kundiuraya?”
2 Jonatani akati, “Kwete! Haungatongofi! Tarira, baba vangu havamboiti
chimwe chinhu, chikuru kana chiduku, vasingandizivisi. Vangazondi-
vanzira izvi seiko? Hazvisi izvo!”
3 Asi Dhavhidhi akapa mhiko akati, “Baba vako vanonyatsoziva kuti
ndakawana nyasha pamberi pako, uye vakati mumwoyo mavo, ‘Jonatani
haafaniri kuziva izvi nokuti angazvidya mwoyo.’ Asi zvirokwazvo
naJehovha mupenyu uye noupenyu hwako, panongova nenhambwe imwe
chete pakati pangu norufu.”
4 Jonatani akati kuna Dhavhidhi, “Zvose zvaunoda kuti ndikuitire,
ndichakuitira.”
5 Saka Dhavhidhi akati, “Tarira, mangwana izuva romutambo woKugara
kwoMwedzi, uye ndinofanira kudya namambo; asi rega ndiende ndino-
vanda mumunda kusvikira madekwana okuswera mangwana. 6 Kana
baba vako vandishayiwa uvaudze kuti Dhavhidhi akakumbira zvikuru
kwauri mvumo kuti ambomhanyira kuBheterehema, iro guta rokwake,
nokuti chibayiro chegore rimwe nerimwe chiri kugadzirirwa mhuri yose
ikoko. 7 Kana vakati, ‘Zvakanaka,’ ipapo woziva kuti muranda wako ane
rugare. Asi kana vakashatirwa, uchaziva chokwadi kuti vari kufunga
zvokundiuraya. 8 Asi kana uriwe, itira muranda wako zvakanaka, nokuti
akaita sungano newe pamberi paJehovha. Kana ndine mhosva, ndiuraye
iwe pachako! Ungandiendesereiko kuna baba vako?”
9 Jonatani akati, “Kwete! Dai ndaiziva kuti baba vangu vakafunga
kukuuraya, handaikuudza here?”
10 Dhavhidhi akabvunza akati, “Ndianiko achazondiudza kana baba
vako vakakupindura nehasha?”
11 Jonatani akati, “Uya, tiende kumunda.” Saka vakaenda ikoko pamwe
chete.
12 Ipapo Jonatani akati kuna Dhavhidhi “NaJehovha, iye Mwari weIs-
raeri, zvirokwazvo ndichabvunzisisa baba vangu nenguva ino kuswera
mangwana! Kana ndikaona kuti vanokufarira, ko, handingakutumiri
shoko ndikazokuzivisa here? 13 Asi kana baba vangu vachida kukuuraya,
Jehovha ngaandirove, zvinorwadza kwazvo, kana ndikasakuzivisa uye
ndikasakuendesa norugare. Jehovha ngaave newe sezvaakanga akaita
kuna baba vangu. 14 Asi iwe undiitire tsitsi dzisingaperi dzakafanana
nedzaJehovha ndichiri mupenyu kudai kuti ndirege kuurayiwa, 15 uye
usambobvisa tsitsi dzako kumhuri yangu, kunyange Jehovha achinge
auraya vavengi vaDhavhidhi vose pamusoro penyika.”
16 Saka Jonatani akaita sungano neimba yaDhavhidhi, achiti, “Jehovha
ngaaite kuti vavengi vaDhavhidhi vapiwe mhosva.” 17 Jonatani akaita
kuti Dhavhidhi apikezve mhiko yorudo rwake kwaari, nokuti aimuda
sokuzvida kwaaizviita iye.
18 Ipapo Jonatani akati kuna Dhavhidhi, “Mangwana izuva romu-
tambo woKugara kwoMwedzi. Iwe uchashayikwa, nokuti chigaro chako
chichange chisina munhu. 19 Kuswera mangwana, kwavira, uende
kunzvimbo yawakanga wakavanda pakatanga dambudziko iri, ugomira
padombo reEzeri. 20 Ndichapfura miseve mitatu kurutivi rwayo, sokunge
ndine pandakananga kupfura. 21 Ipapo ndichatuma mukomana ndigoti,
‘Enda undotsvaka miseve,’ Kana ndikati kwaari, ‘Tarira, miseve iri
kurutivi rwako urwu; uya nayo kuno,’ ipapo uuye, nokuti zvirokwazvo

naJehovha mupenyu, rugare rwuri kwauri; hapana njodzi. 22 Asi kana
ndikati kumukomana, 'Tarira, miseve iri mberi kwako,' ipapo unofanira
kuenda hako, nokuti Jehovha akuendesa kure. 23 Uye pamusoro penyaya
yatakurukura iwe neni, rangarira, Jehovha ndiye chapupu pakati pako
neni nokusingaperi."

24 Saka Dhavhidhi akavanda mumunda, uye mutambo woKugara
kwoMwedzi wakati wasvika, mambo akagara pasi kuti adye. 25 Akagara
panzvimbo yake yamazuva ose pamadziro, pakatarisana naJonatani, uye
Abhineri akagara parutivi paSauro, asi nzvimbo yaDhavhidhi yakanga
isina munhu. 26 Sauro haana kutaura chinhu pazuva iroro, nokuti akati
mumwoyo make, "Panofanira kuva nezvaitika kuna Dhavhidhi zvaita
kuti ave asina kuchena, zvirokwazvo haana kuchena." 27 Asi pazuva
rakatevera, iro zuva rechipiri romwedzi, nzvimbo yaDhavhidhi yakanga
isina munhu zvakare. Ipapo Sauro akati kuna Jonatani mwanakomana
wake, "Seiko mwanakomana waJese asina kuuya kuzodya zuro nanhasi?"

28 Jonatani akapindura achiti, "Dhavhidhi akandikumbirisa kwazvo kuti
aende kuBheterehema. 29 Akati, 'Nditenderewo hangu ndiende nokuti
mhuri yokwangu iri kucherechedza chibayiro muguta uye madzikoma
angu akarayira kuti ndivepo. Kana ndawana nyasha kwauri, rega ndiende
hangu ndinoonana namadzikoma angu.' Ndokusaka asina kuuya patafura
yamambo."

30 Kutsamwa kwaSauro kwakanganduma nokuda kwaJonatani, akati
kwaari, "Iwe mwanakomana womukadzi akatsauka uye anomukira!
Unoti handizivi kanhi kuti unowirirana nomwanakomana waJese kuti
uzvinyadzise, iwe uyewo kuti mai vako vakakubereka vanyadziswe.
31 Kana mwanakomana waJese achirarama panyika ino chete, iwe kana
umambo hwako haungasimbiswi. Iye zvino tuma munhu auye naye
kwandiri, nokuti anofanira kufa!"

32 Jonatani akabvunza baba vake akati, "Sei achifanira kuurayiwa?
Chiiko chaakaita?" 33 Asi Sauro akapotsera pfumo rake kwaari kuti
amuuraye. Ipapo Jonatani akaziva kuti baba vake vakanga vachida
kuuraya Dhavhidhi.

34 Jonatani akakwakuka patafura nokutsamwa kukuru; pazuva rechipiri
iroro romwedzi haana kudya, nokuti akanga akatsamwira baba vake
nokuda kwamabatiro anonyadza avakanga vaita Dhavhidhi.

35 Fume mangwana, Jonatani akaenda kumunda kuti andosangana
naDhavhidhi. Akanga ano mukomana muduku pamwe chete naye,
36 akati kumukomana, "Mhanya undotsvaka miseve yandichapfura."
Mukomana achiri kumhanya, iye akapotsera museve mberi kwake.
37 Mukomana akati asvika panzvimbo yakawira museve waJonatani,
Jonatani akadanidzira kwaari akati, "Ko, museve hauzi mberi kwako
here?" 38 Ipapo akadanidzira kwaari akati, "Kurumidza! Enda
nokukasika! Usamira!" Mukomana akanonga museve akadzokera kuna
tenzi wake. 39 (Mukomana haana chaakaziva pane zvose izvi; Jonatani
naDhavhidhi chete, ndivo vaiziva.) 40 Ipapo Jonatani akapa zvombo zvake
kumukomana akati, "Chienda, takura udzokere nazvo kuguta."

41 Mushure mokuenda kwomukomana, Dhavhidhi akasimuka ne-
chokurutivi rwezasi rwedombo akakotamira Jonatani katatu, chiso
chake chakatsikitsira. Ipapo vakasvetana vakachema pamwe chete asi
Dhavhidhi akanyanyisa kuchema.

42 Jonatani akati kuna Dhavhidhi, "Chienda hako norugare, nokuti
takapikirana ushamwari pakati pedu muzita raJehovha, tichiti, 'Je-
hovha ndiye chapupu pakati pako neni, uye pakati pezvizvarwa zvako
nezvizvarwa zvangu nokusingaperi.' " Ipapo Dhavhidhi akabva, Jonatani
akadzokerawo muguta.

# 21

*Dhavhidhi paNobhi*

1 Dhavhidhi akaenda kuNobhi, kuna Ahimereki muprista. Ahimereki
akadedera paakasangana naye, akati, "Seiko uri woga? Sei pasina
wawauya naye?"

2 Dhavhidhi akapindura Ahimereki muprista akati, "Mambo akandi-
rayira rimwe shoko akati kwandiri, 'Hapana anofanira kuziva kana
chinhu pamusoro pezvawafambira uye zvawarayirwa.' Asi kana vari
vanhu vangu, ndakavataurira kuti vasangane neni pane imwe nzvimbo.
3 Pari zvino chiiko chamunacho pano? Ndipeiwo zvingwa zvishanu, kana
chipi zvacho chamungawana."

4 Asi muprista akapindura Dhavhidhi akati, "Handina chingwa zva-
chowo pano; asi pano pane chingwa chakatsaurwa, ndokunge vanhu
vakazvichengeta kubva kuvakadzi."

5 Dhavhidhi akati, "Zvirokwazvo vakadzi vanga vakaparadzaniswa
nesu, sapanguva dzose kana ndofamba rwendo. Midziyo yavo mitsvene
kunyange dai rwanga rwuri rwendo rusati rwuri rutsvene. Ko, kutoti
hazvo iye nhasi!" 6 Saka muprista akamupa chingwa chakatsaurwa,
sezvo pakanga pasina chingwa kunze kwechingwa choKuratidza chakanga
chabviswa pamberi paJehovha uye chikatsiviwa nechingwa chinopisa
musi iwoyo wachakabviswa.

7 Zvino mumwe wavaranda vaSauro akanga aripo pazuva iro, amiswa
pamberi paJehovha; akanga ari Dhoegi muEdhomu, mufudzi mukuru
waSauro.

8 Dhavhidhi akabvunza Ahimereki akati, "Hamuna pfumo kana
munondo pano here? Handina kuuya nomunondo wangu kana chimwe
chombo zvacho, nokuti basa ramambo ranga riri rokukurumidza."

9 Muprista akapindura akati, "Munondo waGoriati muFiristia, uya
wawakauraya muMupata weEra, uri pano; wakaputirwa mumucheka
seri kweefodhi; kana uchiuda, tora hako; hapana munondo pano kunze
kwaiwoyo." Dhavhidhi akati, "Hakuna mumwe wakafanana nawo; ndipei
iwoyo."

*Dhavhidhi paGati*

10 Musi iwoyo Dhavhidhi akatiza Sauro akaenda kuna Akishi mambo
weGati. 11 Asi varanda vaAkishi vakati kwaari, "Ko, uyu haazi Dhavhidhi
mambo wenyika here? Ko, haazi iye wavanoimba nezvake vachifamba,
vachiti:

" 'Sauro akauraya zviuru zvamazana ake,
uye Dhavhidhi makumi ezviuru zvamazana ake'?"

12 Dhavhidhi akaisa mashoko aya mumwoyo make uye akatya Akishi
mambo weGati zvikuru. 13 Saka akazviita benzi pamberi pavo; uye
paakanga ari mumaoko avo akazviita somunhu anopenga, achikwara-
kwara pamakonhi esuo uye achirega mate achisiririkira pandebvu dzake.

14 Akishi akati kuvaranda vake, "Tarisai munhu uyu! Ibenzi iri!
Mauyirei naye kwandiri? 15 Ndashaya mapenzi zvakambodiniko zvam-
abva mandivigira munhu uyu kuti arambe achiita izvozvi pamberi pangu?
Murume uyu angafanira kupinda mumba mangu here?"

# 22

### *Dhavhidhi paAdhuramu napaMizipa*

1 Dhavhidhi akabva kuGati akatizira kubako reAdhurami. Hama dzake
uye neveimba yababa vake vakazvinzwa, vakaburuka vakaenda ikoko
kwaakanga ari. 2 Vose vaitambudzika kana kuti vaiva nezvikwereti, kana
vainyunyuta vakaungana kwaari uye akava mutungamiri wavo. Varume
vanenge mazana mana vakanga vanaye.

3 Kubva ipapo Dhavhidhi akaenda kuMizipa muMoabhu akati kuna
mambo weMoabhu, "Ungatendera here baba vangu namai vangu kuti
vauye kuzogara newe kusvikira ndaziva zvandichaitirwa naMwari?"
4 Saka akavasiya kuna mambo weMoabhu, ivo vakagara naye nguva yose
yakagara Dhavhidhi munhare.

5 Asi muprofita Gadhi akati kuna Dhavhidhi, "Usagara munhare. Enda
kunyika yeJudha." Saka Dhavhidhi akabva akaenda kusango reHereti.

### *Sauro anouraya Vaprista veNobhi*

6 Zvino Sauro akanzwa kuti Dhavhidhi navanhu vake vakanga
vawanikwa. Uye Sauro akanga akabata pfumo muruoko rwake, akagara
pasi pomuti womutamarisiki pachikomo cheGibhea, uye vabati vake vose
vakamira vakamupoteredza. 7 Sauro akati kwavari, "Inzwai, imi varume
veBhenjamini! Ko, mwanakomana waJese achakupai imi mose minda
neminda yemizambiringa here? Ko, achakuitai imi mose vakuru vezviuru
navakuru vamazana here? 8 Ndizvo here zvaita kuti imi mose murangane
kundimukira? Hakuna anondiudza nguva inoita mwanakomana wangu
sungano nomwanakomana waJese. Hakuna kana mumwe wenyu ane
hanya neni kana anondizivisa kuti mwanakomana wangu akarunzira
muranda wangu kuti andivandire, sezvaanoita nhasi."

9 Asi Dhoegi muEdhomu, uyo akanga amire navaranda vaSauro,
akati, "Ndakaona mwanakomana waJese achisvika kumba kwaAhimereki
mwanakomana waAhitubhi paNobhi. 10 Ahimereki akamubvunzira kuna
Jehovha; akamupazve mbuva uye nomunondo waGoriati muFiristia."

11 Ipapo mambo akatuma nhume kumuprista Ahimereki mwanakomana
waAhitubhi uye nokumhuri yose yababa vake, avo vakanga vari vaprista
paNobhi, vose vakauya kuna mambo. 12 Sauro akati, "Zvino chinzwa, iwe
mwanakomana waAhitubhi."

Akapindura akati, "Ndiri pano, ishe wangu."

13 Sauro akati kwaari, "Seiko mandirangana, iwe nomwanakomana wa-
Jese, uchimupa chingwa nomunondo uye nokumubvunzira kuna Mwari,
zvokuti andimukira uye anondivandira, sezvaanoita nhasi?"

14 Ahimereki akapindura mambo akati, "Ndianiko pakati pavaranda
venyu vose akatendeka saDhavhidhi, mukuwasha wamambo, mukuru
wavarindi venyu uye anokudzwa kwazvo mumba menyu? 15 Ko, ndiro
rakanga riri zuva rokutanga here randakamubvunzira kuna Mwari?
Zvirokwazvo kwete! Mambo ngaarege kupa mhosva muranda wenyu
kana mumwe upi zvake wemhuri yababa vake, nokuti muranda wenyu
haana kana chaanoziva pamusoro penyaya iyi yose."

16 Asi mambo akati, “Zvirokwazvo uchafa, Ahimereki, iwe nemhuri yose
yababa vako.”
17 Ipapo mambo akarayira varindi vaiva padivi pake akati, “Tendeukai
muuraye vaprista vaJehovha, nokuti naivowo vatsigira Dhavhidhi. Vaiziva
kuti akanga achitiza, asi havana kundiudza.”
Asi varanda vamambo vakanga vasingadi kusimudza ruoko kuti vau-
raye vaprista vaJehovha.
18 Ipapo mambo akarayira Dhoegi akati, “Iwe, tendeuka uuraye
vaprista.” Saka Dhoegi muEdhomu akatendeuka akavauraya. Pazuva
iroro akauraya varume makumi masere navashanu vakanga vakapfeka
efodhi yomucheka. 19 Akaparadzawo Nobhi, guta ravaprista, navarume
varo navakadzi, navana navacheche, nemombe dzaro, mbongoro namak-
wai.
20 Asi Abhiatari, mwanakomana waAhimereki, mwanakomana waAhi-
tubhi, akapunyuka akatiza akandobatana naDhavhidhi. 21 Akaudza
Dhavhidhi kuti Sauro akanga auraya vaprista vaJehovha. 22 Ipapo
Dhavhidhi akati kuna Abhiatari “Zuva riya, Dhoegi muEdhomu paakanga
aripo, ndakaziva kuti zvirokwazvo aizoudza Sauro. Ndini ndaurayisa baba
vako nemhuri yavo yose. 23 Gara neni; usatya; munhu ari kutsvaka mweya
wako anotsvaka nowanguwo. Uchagara wakachengetedzeka kana uneni.”

# 23

### *Dhavhidhi anoponesa Guta reKeira*

1 Dhavhidhi akati audzwa kuti, “Tarirai, vaFiristia vari kurwa neKeira
uye vari kupamba zvirimwa pamapuriro,” 2 akabvunza Jehovha akati,
“Ndoenda here kundorwa navaFiristia ava?”
Jehovha akamupindura akati, “Enda, urwise vaFiristia ugoponesa
Keira.”
3 Asi vanhu vaDhavhidhi vakati kwaari, “Isu vokuno kuJudha tinotya.
Zvino, zvikuru sei kana tikaenda kuKeira kundorwa navarwi vavaFiris-
tia!”
4 Dhavhidhi akabvunza kuna Jehovha, Jehovha akamupindura akati,
“Buruka uende kuKeira, nokuti ndichaisa vaFiristia muruoko rwako.”
5 Saka Dhavhidhi navanhu vake vakaenda kuKeira, vakarwa navaFiris-
tia uye akavatorera zvipfuwo zvavo. Akauraya vaFiristia vakawanda
kwazvo akaponesa vanhu vokuKeira. 6 (Zvino Abhiatari mwanakomana
waAhimereki akanga auya neefodhi paakatiza achidzika kuna Dhavhidhi
kuKeira.)

### *Sauro anotevera Dhavhidhi*

7 Sauro akaudzwa kuti Dhavhidhi akanga aenda kuKeira, ndokuti,
“Mwari amuisa muruoko rwangu, nokuti Dhavhidhi azvipfigira zvaapinda
muguta rina masuo namazariro.” 8 Uye Sauro akadana varwi vake vose
kuhondo, kuti vaburuke vaende kuKeira kundokomba Dhavhidhi navanhu
vake.
9 Dhavhidhi akati anzwa kuti Sauro akanga ari kuita rangano
yakaipa pamusoro pake, akati kuna Abhiatari muprista, “Uya neefodhi.”
10 Dhavhidhi akati, “Haiwa Jehovha, Mwari waIsraeri, muranda wenyu
anzwa zvechokwadi kuti Sauro ari kuronga kuti auye kuKeira kuti
aparadze guta iri nokuda kwangu. 11 Ko, vanhu veKeira vachandiisa
kwaari here? Ko, Sauro achaburuka here, sokunzwa kwaita muranda
wenyu? Haiwa Jehovha, Mwari waIsraeri, zivisai muranda wenyu.”
Uye Jehovha akati, “Achauya.”

12 Dhavhidhi akatizve, “Ko, vanhu veKeira vachaisa ini navanhu vangu
kuna Sauro here?”
Uye Jehovha akati, “Vachaita saizvozvo.”
13 Saka Dhavhidhi navanhu vake, vanenge mazana matanhatu
pakuwanda, vakabva kuKeira vakaramba vachifamba vachibva pane
imwe nzvimbo vachienda pane imwe nzvimbo. Sauro akati audzwa kuti
Dhavhidhi akanga apunyuka kubva paKeira, haana kuzoendako.
14 Dhavhidhi akagara munhare dzomurenje uye nomuzvikomo zvo-
muRenje reZifi. Zuva nezuva Sauro akamutsvaka, asi Mwari haana kuisa
Dhavhidhi mumaoko ake.
15 Dhavhidhi paakanga ari paHoreshi muRenje reZifi, akanzwa kuti
Sauro akanga auya kuzomuuraya. 16 Uye Jonatani mwanakomana
waSauro akaenda kuna Dhavhidhi paHoreshi akamubatsira kuti awane
simba muna Mwari. 17 Akati kwaari, “Usatya. Baba vangu Sauro havasi
kuzokubata. Iwe uchava mambo weIsraeri, uye ini ndichava wechipiri
kwauri. Kunyange baba vangu Sauro vanozviziva izvi.” 18 Vaviri ava
vakaita sungano pamberi paJehovha. Ipapo Jonatani akaenda kumba asi
Dhavhidhi akasara paHoreshi.
19 VaZifi vakaenda kuna Sauro paGibhea vakati, “Ko, Dhavhidhi haana
kuvanda here pakati pedu munhare yapaHoreshi, pachikomo cheHakira,
zasi kweJeshimoni? 20 Zvino, imi mambo, burukai pamunodira kuita
izvozvo, uye richava basa redu isu kumuisa kwamuri imi mambo.”
21 Sauro akapindura akati, “Jehovha ngaakuropafadzei nokuda kwe-
hanya yamunayo pamusoro pangu. 22 Endai mundonyatsogadzirira.
Mutsvakisise muone kunogaroenda Dhavhidhi uye kuti ndiani aka-
muonako. Ivo vanondiudza kuti iye munhu ano unyengeri kwazvo.
23 Mutsvakisisei pamusoro penzvimbo dzose dzokuvanda dzaanovanda
mugodzoka kwandiri neshoko rakananga. Ipapo ndichaenda nemi; kana
ari munharaunda, ndichamutsvakisisa pakati pedzimba dzaJudha.”
24 Saka vakasimuka vakaenda kuZifi pamberi paSauro. Zvino Dhavhidhi
navanhu vake vakanga vari muRenje reMaoni, muArabha zasi kweJeshi-
moni. 25 Sauro navanhu vake vakatanga kutsvaka, uye Dhavhidhi akati
azvinzwa akaburuka akaenda kune rimwe dombo uye akagara muRenje
reMaoni. Sauro akati anzwa izvi, akaenda kuRenje reMaoni achitevera
Dhavhidhi.
26 Sauro akaenda ari kuno rumwe rutivi rwegomo, uye Dhavhidhi
navanhu vake vakaenda nokuno rumwe rutivi, vachikurumidza kuti
vatize kubva kuna Sauro. Sauro navarwi vake paakanga ava pedyo
naDhavhidhi navanhu vake kuti avabate, 27 nhume yakasvika kuna
Sauro, ikati, “Uyai nokukurumidza! VaFiristia vava kupamba nyika.”
28 Ipapo Sauro akarega kudzinganisa Dhavhidhi akaenda kundosangana
navaFiristia. Ndokusaka vakatumidza nzvimbo iyi kuti Sera Hamarekoti.
29 Zvino Dhavhidhi akakwidza kubva ipapo akandogara munhare dzeEni
Gedhi.

# 24

*Dhavhidhi anorega kuuraya Sauro*

1 Shure kwokudzoka kwaSauro kundodzinganisa vaFiristia, akaudzwa
kuti, “Dhavhidhi ari muRenje reEni Gedhi.” 2 Saka Sauro akatora
zviuru zvavarume vakatsaurwa kubva muIsraeri yose akasimuka akaenda
kundotsvaka Dhavhidhi navanhu vake pedyo naMatombo eNgururu.

3 Akasvika pamatanga amakwai munzira iyoyo; pakanga pane bako,
uye Sauro akapindamo kuti azorore. Dhavhidhi navanhu vake vakanga
vari mukati kati mebako. 4 Vanhu vakati, "Iri ndiro zuva rakataurwa
naJehovha paakati kwamuri, 'Ndichaisa vavengi vako mumaoko ako
kuti uvaitire sezvaunoda.' " Ipapo Dhavhidhi akakambaira chinyararire
asingaonekwi akacheka kona yenguo yaSauro.

5 Shure kwaizvozvo Dhavhidhi akarohwa nehana nokuda kwokuti
akanga acheka kona yenguo yaSauro. 6 Akati kuvanhu vake, "Jehovha
ngaandidzivise kuti ndirege kuita chinhu chakadai kuna tenzi wangu,
muzodziwa waJehovha." 7 Namashoko aya Dhavhidhi akatsiura vanhu
vake akasavatendera kuti varwise Sauro. Zvino Sauro akabva pabako
akaenda hake.
8 Ipapo Dhavhidhi akabuda mubako akadanidzira kuna Sauro achiti,
"Ishe wangu mambo!" Sauro akati acheuka, Dhavhidhi akakotamira
pasi nechiso chake. 9 Akati kuna Sauro, "Sei muchiteerera vanhu
pavanoti, 'Dhavhidhi anotsvaka kukukuvadzai?' 10 Nhasi mazvionera
nameso enyu kuti Jehovha akuisai sei mumaoko angu muri mubako.
Vamwe vandikurudzira kuti ndikuurayei, asi ndakuregererai, ndikati,
'Handingasimudzi ruoko rwangu pamusoro patenzi wangu, nokuti ndiye
muzodziwa waJehovha.' 11 Tarirai, baba vangu, tarirai benga renguo
yenyu riri muruoko rwangu! Ndacheka kona yenguo yenyu asi handina
kukuurayai. Zvino chinzwisisai muzive kuti handina mhosva yokukuiti-
rai zvakaipa kana kukumukirai. Handina kukutadzirai, asi imi muri
kundivhima kuti mundiuraye. 12 Jehovha ngaatonge pakati penyu nemi.
Uye Jehovha ngaatsive zvakaipa zvamakaita kwandiri, asi ruoko rwangu
harungarwi nemi. 13 Sezvinoreva tsumo yekare ichiti, 'Kuno wakaipa
kunobuda mabasa akaipa,' saizvozvo ruoko rwangu harungarwi nemi.

14 "Ko, mambo waIsraeri akabuda kuzorwa naaniko? Ndianiko wa-
munodzinganisa? Imbwa yakafa here? Nhata here? 15 Jehovha ngaave
mutongi wedu uye aone pakati penyu neni. Ngaatsvake mhaka yangu
aiwane; ngaandiruramisire nokundirwira kubva muruoko rwenyu."

16 Dhavhidhi akati apedza kutaura mashoko aya, Sauro akabvunza akati,
"Inzwi rako here, Dhavhidhi mwanakomana wangu?" Ipapo akachema
kwazvo. 17 Akati, "Iwe wakarurama kupfuureni. Iwe wakandiitira
zvakanaka, asi ini ndakakuitira zvakaipa. 18 Uchangobva kundirondedz-
era iye zvino zvakanaka zvawakandiitira; Jehovha akandiisa mumaoko
ako, asi hauna kundiuraya. 19 Kana munhu akawanikidza muvengi wake
angamurega achienda asina vanga here? Jehovha ngaakuripire zvakanaka
nokuda kwezvawakandiitira. 20 Ndinoziva zvirokwazvo kuti iwe uchava
mambo uye umambo hweIsraeri huchasimbiswa mumaoko ako. 21 Zvino
pika kwandiri naJehovha kuti iwe hauchazoparadzi zvizvarwa zvangu
kana kuparadza zita rangu kubva pamhuri yababa vangu."

22 Saka Dhavhidhi akapika kuna Sauro. Ipapo Sauro akadzokera
kumusha kwake, asi Dhavhidhi navanhu vake vakaenda kunhare yavo.

# 25

*Dhavhidhi, Nabhari naAbhigairi*

1 Zvino Samueri akafa, uye Israeri yose yakaungana ikamuchema; uye
vakamuviga pamusha pake muRama.

Ipapo Dhavhidhi akaburuka akaenda kuRenje reMaoni. 2 Mumwe
murume weMaoni, uyo akanga ane pfuma ikoko paKarimeri, akanga

akapfuma kwazvo. Akanga ane mbudzi chiuru uye makwai zviuru
zvitatu, aakanga achiveura paKarimeri. 3 Zita rake rainzi Nabhari uye
zita romukadzi wake rainzi Abhigairi. Mukadzi akanga akangwara uye
akanaka kwazvo, asi murume wake muKarebhu, akanga ane mwoyo
mukukutu akaipa pamagariro ake.

4 Dhavhidhi achiri mugwenga, akanzwa kuti Nabhari akanga achiveura
makwai ake. 5 Saka akatuma majaya gumi akati kwavari, "Endai kuna
Nabhari paKarimeri mundomukwazisa muzita rangu. 6 Muti kwaari,
'Rugare kwauri! Utano hwakanaka kwauri neimba yako! Uye utano
hwakanaka pazvinhu zvako zvose!

7 " 'Zvino ndinonzwa kuti ino inguva yokuveura makwai. Vafudzi
vako pavakanga vanesu, isu hatina kuvabata zvakaipa, uye nguva yose
yavakanga vari paKarimeri hakuna chimwe chezvinhu zvavo chakarasika.
8 Ubvunze varanda vako, ivo vachakuudza. Naizvozvo chinzwira majaya
angu tsitsi, sezvo tasvika panguva yomutambo. Ndapota ipai varanda
venyu nomwanakomana wenyu Dhavhidhi zvose zvamungamuwanira.' "

9 Vanhu vaDhavhidhi vakati vasvika, vakaudza Nabhari mashoko aya
muzita raDhavhidhi. Ipapo vakamirira.

10 Nabhari akapindura varanda vaDhavhidhi akati, "Dhavhidhi uyu
ndiani? Ndianiko uyu mwanakomana waJese? Varanda vazhinji vanotiza
vatenzi vavo mazuva ano aya. 11 Ko, ndingatorerei chingwa changu
nemvura yangu uye nenyama yandakaurayira vaveuri vangu, ndichipa
vanhu vandisingazivi kwavanobva?"

12 Vanhu vaDhavhidhi vakatendeuka vakadzokera havo. Vakati vasvika,
vakamutaurira mashoko ose. 13 Dhavhidhi akati kuvanhu vake, "Pakatai
minondo!" Saka vakapakata minondo yavo, naDhavhidhi akapakatawo
wake. Varume vanenge mazana mana vakaenda naDhavhidhi, vanok-
wana mazana maviri vakasara vane nhumbi.

14 Mumwe wavaranda akataura kuna Abhigairi mukadzi waNabhari
akati, "Dhavhidhi akatuma nhume kubva kurenje kuzokwazisa vatenzi
vedu, asi ivo vakavatuka. 15 Asi varume ava vakanga vakanaka kwazvo
kwatiri. Havana kutibata zvakaipa, uye panguva yose iyi yatakanga
tinavo musango hatina kurasikirwa nechinhu. 16 Vakanga vari rusvingo
kwatiri usiku namasikati nguva yose yatakanga tichifudza makwai edu
pedyo navo. 17 Zvino fungisisai izvi muone zvamungaita, nokuti njodzi
yadongorera pamusoro patenzi wedu neimba yake yose. Iye munhu
akaipa zvokuti hakuna angataura naye."

18 Abhigairi haana kupedza nguva. Akatora mazana maviri ezv-
ingwa, matende amatehwe ewaini maviri, makwai akavhiyiwa mashanu,
zviyero zvishanu* zvezviyo zvakakangwa, mazana mashanu amakeke
amazambiringa akaoma uye mazana maviri amakeke amaonde akasv-
inwa, akazvitakudza mbongoro. 19 Ipapo akataura kuvaranda vake akati,
"Chitungamirai; ini ndichakuteverai." Asi haana kuudza murume wake
Nabhari.

20 Akati achiuya akatasva mbongoro yake pamupata wegomo, vanaD-
havhidhi navanhu vake vakaburuka vakananga kwaari, iye akasangana
navo. 21 Dhavhidhi akanga achangobva kuti, "Zvirokwazvo ndakatam-
burirei kuchengetedza zvinhu zvose zvomunhu uyu murenje zvokuti
hapana chinhu chake chakarasika. Andiripira nezvakaipa pachinzvimbo
chezvakanaka. 22 Mwari ngaarove Dhavhidhi, amurove kwazvo, kana

* **25:18** 25:18 marita angaita 37

mangwana mangwanani ndikasiya murume mumwe chete pavanhu vose vaanavo!”

23 Abhigairi akati achiona Dhavhidhi, akakurumidza kuburuka pambon-
goro yake akakotama nechiso chake pamberi paDhavhidhi. 24 Akawira
pamakumbo ake akati, “Ishe wangu, mhosva iyi ngaive kwandiri ndoga.
Ndapota hangu regai murandakadzi wenyu ataure kwamuri; inzwai
zvinoreva murandakadzi wenyu. 25 Ishe wangu ngaarege kurangarira
munhu uya akaipa, iye Nabhari. Akangoita sezita rake, zita rake rinoreva kuti Benzi, uye upenzi hunogara naye. Asi kana ndirini, murandakadzi wenyu, handina kuona vanhu vakanga vatumwa natenzi wangu.

26 “Zvino sezvo Jehovha akudzivisai, tenzi wangu, pakuteura ropa
uye napakuzvitsivira namaoko enyu, zvirokwazvo naJehovha mupenyu,
uye noupenyu hwenyu, vavengi venyu navose vanoda kuitira tenzi
wangu zvakaipa ngavafanane naNabhari. 27 Uye chipo ichi chauyiswa
kuna tenzi nomurandakadzi wenyu ngachipiwe kuvanhu vanokuteverai.
28 Ndapota hangu regererai murandakadzi wenyu pakukanganisa kwake,
nokuti Jehovha achaitira tenzi wangu imba youmambo yakasimba, nokuti
iye anorwa hondo dzaJehovha. Kuita kwakaipa ngakurege kuwanikwa
mamuri muupenyu hwenyu hwose. 29 Kunyange hazvo mumwe munhu
akakudzinganisai kuti akuurayei, upenyu hwatenzi wangu hucharamba hwakasungirirwa pachisote chavapenyu naJehovha Mwari wenyu. Asi upenyu hwavavengi venyu achahupotsera kure sohunobva muhomwe
yechimviriri. 30 Mushure mokunge Jehovha aitira tenzi wangu zvinhu
zvose zvakanaka zvaakavimbisa pamusoro pake uye amugadza kuti ave
mutungamiri weIsraeri, 31 tenzi wangu haangazovi nomutoro unorema
pahana yake wokuteura ropa risina mhosva kana wokuzvitsivira pachake. Uye kana Jehovha akakundisa tenzi wangu, murangarire henyu murandakadzi wenyu.”

32 Dhavhidhi akati kuna Abhigairi, “Jehovha ngaarumbidzwe, Mwari
waIsraeri, akutuma nhasi kuti uzosangana neni. 33 Uropafadzwe iwe
nokuda kwokungwara kwako kwakanaka uye nokundiita kuti ndisateura
ropa nhasi uye kuti ndisazvitsivira namaoko angu. 34 Zvirokwazvo naJe-
hovha Mwari waIsraeri mupenyu, iye andidzivisa kuti ndirege kukuuraya, zvimwe dai usina kukurumidza kusangana neni, hakuna murume pakati pavanhu vaNabhari anga achasiyiwa ari mupenyu mangwana chaiwo kuchiedza.”

35 Ipapo Dhavhidhi akagamuchira kubva muruoko rwake zvaakanga amuvigira akati, “Enda kumba norugare. Ndanzwa mashoko ako uye nechikumbiro chako.”

36 Abhigairi akati adzokera kuna Nabhari, akanga ari mumba achiita
mutambo wakafanana nowamambo. Mwoyo wake wakanga waka-
fara kwazvo uye akadhakwa. Saka haana chaakamuudza kusvikira
mangwana. 37 Ipapo mangwanani, Nabhari paakanga asina kudhakwa,
mukadzi wake akamuudza zvinhu zvose izvi, mwoyo wake ukaneta uye
ukaita sedombo. 38 Shure kwamazuva anenge gumi, Jehovha akarova
Nabhari akafa.

39 Dhavhidhi akati anzwa kuti Nabhari akanga afa, akati, “Jehovha ngaakudzwe, iye akanditsivira mhosva yangu pamusoro paNabhari uyo akandizvidza. Akadzivisa muranda wake kuti arege kuita zvakaipa uye auyisa kuipa kwaNabhari pamusoro pake.”

Ipapo Dhavhidhi akatuma shoko kuna Abhigairi, achimukumbira kuti
ave mukadzi wake. 40 Varanda vake vakaenda kuKarimeri vakati kuna

Abhigairi, “Dhavhidhi atituma kwamuri kuti tikutorei kuti muve mukadzi
wake.”
41 Akakotamisa chiso chake pasi akati, “Houno murandakadzi wenyu,
akazvigadzirira kukushumirai nokushambidza tsoka dzavaranda vatenzi
wangu.” 42 Abhigairi akakurumidza kutasva mbongoro akaenda navaran-
dakadzi vake vashanu, vakaenda nenhume dzaDhavhidhi, akava mukadzi
waDhavhidhi. 43 Dhavhidhi akanga awanazve Ahinoami muJezireeri, uye
vose vakava vakadzi vake. 44 Asi Sauro akanga apa mwanasikana wake
Mikari, mukadzi waDhavhidhi, kuna Paritieri mwanakomana waRaishi,
akanga achibva kuGarimi.

# 26

### *Dhavhidhi anoregazve kuuraya Sauro*

1 VaZifi vakaenda kuna Sauro paGibhea vakati, “Ko, Dhavhidhi haana
kuvanda pachikomo cheHakira, chakatarisana neJeshimoni here?”
2 Saka Sauro akaburuka akaenda kuRenje reZifi, ana varume zviuru zvi-
tatu vakanga vasarudzwa pakati pavaIsraeri, kuti vandotsvaka Dhavhidhi
ikoko. 3 Sauro akaita musasa wake parutivi pomugwagwa uri pachikomo
cheHakira chakatarisana neJeshimoni, asi Dhavhidhi akanga achigara
murenje. Akati achiona kuti Sauro akanga amutevera imomo, 4 akatuma
vasori akanzwa kuti Sauro akanga asvika, zvirokwazvo.
5 Ipapo Dhavhidhi akasimuka akaenda kunzvimbo kwakanga
kwadzikwa musasa naSauro. Akaona pakanga pakavata Sauro naAbhineri
mwanakomana waNeri mukuru wehondo. Sauro akanga akavata mukati
momusasa, uye varwi vakavaka misasa yavo vakamupoteredza.
6 Ipapo Dhavhidhi akabvunza Ahimereki muHeti naAbhishai mwanako-
mana waZeruya, munun'una waJoabhu akati, “Ndianiko achapinda neni
mumusasa kuna Sauro?”
Abhishai akati, “Ndichaenda nemi.”
7 Saka Dhavhidhi naAbhishai vakaenda kuvarwi usiku, uye vakawana
Sauro avete mukati momusasa, pfumo rake rakabayirwa pasi pedyo
nomusoro wake. Abhineri navarwi vakanga vavete vakamupoteredza.
8 Abhishai akati kuna Dhavhidhi, “Nhasi Mwari aisa muvengi wenyu
mumaoko enyu. Zvino regai ndimubayire pasi kamwe chete nepfumo
rangu; handimbomubayi kaviri.”
9 Asi Dhavhidhi akati kuna Abhishai, “Usamuparadza! Ndianiko an-
gagona kutambanudza ruoko rwake pamuzodziwa waJehovha akashaya
mhosva? 10 Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, Jehovha pachake ndiye
achamuuraya; zvimwe nguva yake ichasvika uye achafa, kana kuti
achaenda kuhondo agofa. 11 Asi Jehovha ngaandidzivise kuti ndirege
kutambanudzira ruoko rwangu kumuzodziwa waJehovha. Zvino chitora
pfumo nechirongo chemvura zviri pedyo nomusoro wake tiende.”
12 Saka Dhavhidhi akatora pfumo nechirongo chemvura pedyo nomu-
soro waSauro, ivo ndokubvapo. Hakuna akaona kana kuziva nezvazvo,
uye hakuna kana akamuka. Vose vakanga vavete, nokuti Jehovha akanga
avapa hope huru.
13 Ipapo Dhavhidhi akayambuka akaenda kuno rumwe rutivi akan-
domira pamusoro pechikomo, chinhambwe chiri kure; pakanga pane
nzvimbo yakafara pakati pavo. 14 Akadanidzira kuvarwi nokuna Abhineri
mwanakomana waNeri akati, “Abhineri haundidaviri here?”
Abhineri akapindura akati, “Ndiwe aniko unodanidzira kuna mambo?”

15 Dhavhidhi akati, “Uri murume, handizvo here? Uye ndianiko akaita
sewe muIsraeri? Ko, wakaregererei kurinda ishe wako iye mambo?
Mumwe akasvika kuzoparadza ishe wako iye mambo. 16 Zvawaita
hazvina kunaka. Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, iwe navanhu vako
munofanira kufa, nokuti hamuna kurinda tenzi wenyu, iye muzodziwa
waJehovha. Chitarira pauri. Ko, pfumo ramambo nechirongo chavo
zvakanga zviri pedyo nomusoro wavo zviripi?”

17 Sauro akaziva inzwi raDhavhidhi akati, “Ko, inzwi rako here
Dhavhidhi mwanakomana wangu?”

Dhavhidhi akapindura akati, “Hongu ndiro, ishe wangu mambo.”
18 Akatizve, “Seiko ishe wangu achidzinganisa muranda wake?
Ndakaiteiko, uye mhosva yandakapara ndeipiko? 19 Zvino ishe
wangu mambo ngaateerere mashoko omuranda wake. Kana Jehovha
akakukurudzirai kuti muzorwa neni, zvino ngaagamuchire chipiriso.
Kana, zvakadaro hazvo, vari vanhu vakazviita, ngavatukwe pamberi
paJehovha! Vakandidzinga zvino pamugove wangu panhaka yaJehovha
vakati, ‘Enda undoshumira vamwe vamwari.’ 20 Zvino ropa rangu
ngarirege kuteukira pasi kure naJehovha. Mambo waIsraeri akabuda kuti
azotsvaka nhata, somunhu anovhima chikwari mumakomo.”

21 Ipapo Sauro akati, “Ndakatadza. Dzoka, Dhavhidhi mwanakomana
wangu. Nokuti waona kukosha kwoupenyu hwangu nhasi, handichaedzi
kukuuraya zvakare. Zvirokwazvo ndakaita sebenzi uye ndakatadza
zvikuru.”

22 Dhavhidhi akati, “Heri pfumo ramambo. Regai mumwe wamajaya
enyu auye kuno azoritora. 23 Jehovha anoripira munhu mumwe no-
mumwe nokuda kwokururama kwake uye nokutendeka kwake. Jehovha
akuisai mumaoko angu nhasi, asi handina kuda kutambanudzira ruoko
rwangu pamuzodziwa waJehovha. 24 Zvirokwazvo sezvandakoshesa
upenyu hwenyu nhasi, saizvozvo Jehovha ngaakoshese upenyu hwangu
agondiponesa pamatambudziko ose.”

25 Ipapo Sauro akati kuna Dhavhidhi, “Iwe uropafadzwe, mwanako-
mana wangu Dhavhidhi; iwe uchaita zvinhu zvikuru uye zvirokwazvo
uchakunda.”

Saka Dhavhidhi akaenda hake, uye Sauro akadzokera kumusha.

# 27

### *Dhavhidhi pakati pavaFiristia*

1 Asi Dhavhidhi akafunga mumwoyo make, akati, “Rimwe ramazuva
ano ndichaparadzwa noruoko rwaSauro. Chinhu chiri nani chandingaita
ndechokutizira kunyika yavaFiristia. Ipapo Sauro acharega kunditsvaka
muIsraeri yose, uye ndichapukunyuka muruoko rwake.”

2 Saka Dhavhidhi akabva navarume mazana matanhatu vakanga
vanaye akaenda kuna Akishi mwanakomana waMaoki mambo weGati.
3 Dhavhidhi navanhu vake vakandogara muGati naAkishi. Murume
mumwe nomumwe akanga ane mhuri yake, uye Dhavhidhi akanga
ana vakadzi vake vaviri vanoti: Ahinoami weJezireeri naAbhigairi
weKarimeri, chirikadzi yaNabhari. 4 Sauro akati anzwa kuti Dhavhidhi
akanga atizira kuGati, haana kuzomutsvakazve.

5 Ipapo Dhavhidhi akati kuna Akishi, “Kana ndawana nyasha pamberi
penyu, regai ndipiwe hangu nzvimbo mune rimwe ramaguta omunyika
kuti ndigareko. Muranda wenyu angagara seiko muguta ramambo nemi?”

6 Saka musi iwoyo, Akishi akamupa Zikiragi, uye rikava guta ramadzi-
mambo eJudha kusvikira nhasi. 7 Dhavhidhi akagara munyika yavaFiristia
kwegore nemwedzi mina.
8 Zvino Dhavhidhi navanhu vake vakaenda vakandopamba vaGeshuri,
vaGeziri, navaAmareki. (Kubva kare vanhu ava vakanga vachigara
munyika yaisvika kuShuri neIjipiti.) 9 Dhavhidhi aiti akarwisa nzvimbo,
akanga asingasiyi murume kana mukadzi ari mupenyu, asi aitora makwai
nemombe, mbongoro, nengamera, nenguo. Ipapo akadzokera kuna
Akishi.
10 Akishi aiti amubvunza kuti, "Wanga waenda kundopamba kupiko
nhasi?" Dhavhidhi aiti, "Kurutivi rweZasi kweJudha kana kuti kurutivi
rweZasi kweJerameeri kana kuti kurutivi rweZasi kweKeni." 11 Haana
kusiya murume kana mukadzi ari mupenyu kuti auye navo kuGati, nokuti
akafunga mumwoyo make kuti, "Vangazotirevera vachiti, 'Izvi ndizvo
zvaitwa naDhavhidhi.' " Uye aya ndiwo akanga ari maitiro ake pakugara
kwake kwose munyika yavaFiristia. 12 Akishi akavimba naDhavhidhi akati
mumwoyo make, "Ava munhu anovengwa kwazvo navanhu vokwake, ivo
vaIsraeri, zvokuti achava muranda wangu nokusingaperi."

# 28

*Sauro noMuvuki weEndori*

1 Mumazuva iwayo vaFiristia vakaunganidza varwi vavo kuti vazorwa
navaIsraeri. Akishi akati kuna Dhavhidhi, "Unofanira kunzwisisa kuti iwe
navanhu vako muchaenda neni kuhondo."
2 Dhavhidhi akati, "Ipapo muchazvionera pachenyu zvinogona kuitwa
nomuranda wenyu."
Akishi akapindura akati, "Zvakanaka chaizvo, ndichakuita muchengeti
wangu kwoupenyu hwose."
3 Zvino Samueri akanga afa, uye vaIsraeri vose vakanga vamuchema,
vakamuviga muguta rake reRama. Sauro akanga adzinga panyika
masvikiro navavuki.
4 VaFiristia vakaungana vakauya vakadzika musasa paShunemi, uye
Sauro akaunganidza vaIsraeri vose akadzika musasa paGiribhoa. 5 Sauro
akati aona varwi vavaFiristia, akatya; kutya kwakazadza mwoyo wake.
6 Akabvunza kuna Jehovha, asi Jehovha haana kumupindura nezviroto
kana neUrimi kana navaprofita. 7 Ipapo Sauro akati kuvaranda vake,
"Nditsvakirei mukadzi anosvikirwa, kuti ndiende kundobvunza kwaari."
Ivo vakati, "Kuno mumwe ari paEndori."
8 Saka Sauro akazvivanza akafuka dzimwe nguo, akaenda iye navamwe
varume vaviri kumukadzi uyu usiku. Akati kwaari, "Ndibvunzire mweya,
ugondimutsirawo uyo wandichakuudza."
9 Asi mukadzi akati kwaari, "Zvirokwazvo unoziva iwe zvakaitwa
naSauro. Akauraya masvikiro navavuki kubva panyika. Ko, waisirei
musungo muupenyu hwangu kuti undiurayise?"
10 Sauro akamupikira naJehovha akati, "Zvirokwazvo naJehovha mu-
penyu, haungazorangwi pamusoro paizvozvi."
11 Ipapo mukadzi akabvunza akati, "Ndianiko wandichakumutsira?"
Iye akati, "Ndimutsire Samueri."
12 Mukadzi akati achiona Samueri, akadanidzira nenzwi guru akati kuna
Sauro, "Seiko mandinyengera? Ndimi Sauro!"
13 Mambo akati kwaari, "Usatya. Uri kuoneiko?"
Mukadzi akati, "Ndinoona mweya uchikwira uchibuda pasi."

14 Iye akati, "Akaita seiko?"
Akati, "Murume mutana akafuka nguo ari kuuya."
Ipapo Sauro akaziva kuti akanga ari Samueri, akakotamira pasi nechiso chake.
15 Samueri akati kuna Sauro, "Seiko wanditambudza nokundimutsa?"
Sauro akati, "Ndiri kutambudzika zvikuru. VaFiristia vari kurwa neni, uye Mwari abva kwandiri. Haachandipinduri, navaprofita kana nokurota. Saka ndakudanai imi kuti muzondiudza zvokuita."
16 Samueri akati, "Unondibvunzireiko ini, sezvo zvino Jehovha akabva kwauri akava muvengi wako? 17 Jehovha akaita zvaakataura kare kubudikidza neni. Jehovha akabvarura umambo akahubvisa mumaoko ako akahupa kuno mumwe wavavakidzani vako, kuna Dhavhidhi.
18 Nokuti hauna kuteerera Jehovha, kana kuratidza hasha dzake dzinotyisa pamusoro peAmareki, Jehovha azviita izvi nhasi kwauri. 19 Jehovha achaisa vaIsraeri pamwe chete newe kuvaFiristia, uye mangwana iwe navanakomana vako muchava neni. Jehovha achaisazve hondo yavaIsraeri kuvaFiristia."
20 Pakarepo Sauro akawira pasi akazvambarara, azara nokutya nokuda kwamashoko aSamueri. Simba rake rakapera, nokuti akanga asina chaakanga adya zuva rose nousiku hwose.
21 Mukadzi paakaenda pana Sauro akaona kuti akanga avhundutswa kwazvo, akati kwaari, "Tarirai, murandakadzi wenyu akakuteererai. Ndakaisa upenyu hwangu mumaoko angu ndikaita zvamakandiudza kuti ndiite. 22 Zvino, ndapota teererai muranda wenyu, regai ndikupei zvokudya kuti mudye mugowana simba rokufamba parwendo rwenyu."
23 Iye akaramba akati, "Handidi kudya."
Asi vanhu vake vakabatsirana nomukadzi pakumugombedzera, uye akavanzwa. Akasimuka akagara panhoo.
24 Mukadzi akanga ane mhuru yakakodzwa pamba pake, uye akaiuraya pakarepo. Akatora upfu hwegorosi akahukanya akabika chingwa chisina mbiriso. 25 Ipapo akazviisa pamberi paSauro navanhu vake, ivo vakadya. Usiku ihwohwo vakasimuka vakaenda.

# 29

*Akishi anodzosera Dhavhidhi kuZikiragi*

1 VaFiristia vakaunganidza varwi vavo paAfeki, uye vaIsraeri vakadzika musasa patsime raiva paJezireeri. 2 Vatongi vavaFiristia pavaifamba namapoka avo amazana mazana uye ezviuru zviuru, Dhavhidhi navanhu vake vaifamba vari mushure maAkishi. 3 Vakuru vehondo yavaFiristia vakabvunza vakati, "Ko, vaHebheru ava vanodei?"
Akishi akapindura akati, "Ko, uyu haazi Dhavhidhi, akanga ari muchinda waSauro mambo weIsraeri here? Anga agere neni kwenguva inopfuura gore, uye kubva pazuva raakabva kuna Sauro kusvikira zvino, handina kuwana chakaipa maari."
4 Asi vakuru vehondo yavaFiristia vakamutsamwira vakati, "Dzosai munhu uyu kwakare, kuti adzokere kunzvimbo yamakamurayira kuti agare. Haafaniri kuenda nesu kuhondo kuitira kuti arege kutipindukira tiri pakurwa. Zvingava nani kwaari kuti awane nyasha kuna tenzi wake ndezvipiko, hakusi kuti agure misoro yavanhu vedu here? 5 Ko, uyu handiye Dhavhidhi wavakaimba pamusoro pake vachitamba vachiti:
" 'Sauro akauraya zviuru zvake,
uye Dhavhidhi makumi ezviuru zvake'?"

[6] Saka Akishi akadana Dhavhidhi akati kwaari, “Zvirokwazvo naJehovha
mupenyu, iwe wanga wakavimbika, uye ini ndaifara kuti iwe ushande
neni muhondo. Kubva pazuva rawakasvika kwandiri kusvikira iye zvino,
handina kuwana chakaipa mauri, asi madzishe haabvumirani newe.
[7] Chidzoka hako kwakare norugare; urege kuita chinhu chisingafadzi
madzishe avaFiristia.”

[8] Dhavhidhi akamubvunza akati, “Asi ndaiteiko hangu? Makawaneiko
chakaipa kumuranda wenyu kubva pazuva randakasvika kwamuri
kusvikira zvino? Ndinoregereiko kundorwa navavengi vashe wangu
mambo?”

[9] Akishi akati, “Ndinoziva kuti wanga uchifadza pamberi pangu so-
mutumwa waMwari; asi zvazvo, vakuru vehondo yavaFiristia vati, ‘Iye
haafaniri kuenda nesu kuhondo.’ [10] Zvino muka mangwanani-ngwanani,
pamwe chete navaranda vatenzi wako avo vakauya newe, ugobva achiri
mangwanani pakunotanga kuchena.”

[11] Saka Dhavhidhi navanhu vake vakamuka mangwanani-ngwanani kuti
vadzokere kunyika yavaFiristia, uye vaFiristia vakakwidza kuJezireeri.

# 30

*Dhavhidhi anoparadza vaAmareki*

[1] Dhavhidhi navanhu vake vakasvika kuZikiragi pazuva retatu. Zvino
vaAmareki vakanga vakomba Negevhi neZikiragi. Vakanga varwisa
Zikiragi vakaripisa, [2] uye vakanga vatapa vakadzi navose vakanga varimo,
vose vakuru navaduku. Havana wavakauraya, asi vakavatora vakaenda
navo.

[3] Dhavhidhi navanhu vake vakati vasvika kuZikiragi, vakariwana
raparadzwa nomoto, uye vakadzi vavo navanakomana navanasikana vavo
vakanga vatapwa. [4] Saka Dhavhidhi navanhu vake vakachema kwazvo
kusvikira vapererwa nesimba rokuchema. [5] Vakadzi vaDhavhidhi vari
vaviri vakanga vatapwa, Ahinoami weJezireeri naAbhigairi, chirikadzi
yaNabhari weKarimeri. [6] Dhavhidhi akatambudzika zvikuru nokuti
vanhu vakanga vachitaura zvokuda kumutaka namabwe; mumwe no-
mumwe akanga ane shungu mumweya make nokuda kwavanakomana
navanasikana vake. Asi Dhavhidhi akawana simba muna Jehovha Mwari
wake.

[7] Ipapo Dhavhidhi akati kuna Abhiatari muprista, mwanakomana
waAhimereki, “Ndivigirewo efodhi kuno.” Abhiatari akaenda nayo
kwaari, [8] ipapo Dhavhidhi akabvunza kuna Jehovha akati, “Ndingatevera
here vapambi ava? Ndichavabata here?”

Akapindura akati, “Vatevere. Zvirokwazvo uchavabata uye uchakunda
mukuvanunura.”

[9] Dhavhidhi navarume mazana matanhatu vaiva naye vakasvika
parukova rweBhesori, vamwe vakasara ipapo, [10] nokuti varume mazana
maviri vakanga vaneta kwazvo kuti vayambuke rukova. Asi Dhavhidhi
namazana mana avarume vakaramba vachitevera.

[11] Vakawana muIjipita ari mumunda ndokubva vauya naye kuna
Dhavhidhi. Vakamupa mvura yokunwa nezvokudya kuti adye,
[12] chimedu chekeke ramaonde akaoma uye makeke maviri amazam-
biringa akaomeswa. Akadya akasimba, nokuti akanga asina kudya chipi
zvacho kana kunwa mvura kwamazuva matatu nousiku hutatu.

[13] Dhavhidhi akamubvunza akati, “Uri waaniko iwe, uye unobvepi?”

Iye akati, “Ndiri muIjipita, mutapwa womumwe muAmareki. Tenzi
wangu akandisiya pandakanga ndorwara mazuva matatu apfuura.
14 Takapamba Zasi kwenyika yavaKereti uye nenyika yeJudha neZasi
kwenyika yaKarebhu. Uye takapisa Zikiragi.”

15 Dhavhidhi akamubvunza akati, “Ungagona kunditungamirira here
kuti ndiburuke ndiende kuvapambi ava.”

Iye akapindura akati, “Ndipikirei pamberi paMwari kuti hamuzondiurayi kana kundiisa kuna tenzi wangu, ini ndigokutungamirirai kwavari.”

16 Akatungamirira Dhavhidhi ikoko, vakavawana vakapararira munzvimbo yose, vachidya, vachinwa uye vachifara nokuda kwokuwanda
kwezvavakanga vapamba kubva munyika yavaFiristia nokuJudha.
17 Dhavhidhi akarwa navo panguva yorubvunzavaeni kusvikira madekwana ezuva rakatevera, uye hakuna mumwe wavo akapunyuka, kunze
kwamajaya mazana mana akatasva ngamera akatiza. 18 Dhavhidhi
akadzosa zvose zvakanga zvatorwa navaAmareki, pamwe chete navakadzi
vake vaviri. 19 Hakuna chakashayikwa: vaduku navakuru, mukomana
kana musikana, chakapambwa kana chipi zvacho chavakanga vatora.
Dhavhidhi akadzosa zvose. 20 Akatora makwai ose nemombe dzose, uye
vanhu vake vakazvitinha mberi kwezvimwe zvipfuwo, achiti, “Izvi ndizvo zvakapambwa naDhavhidhi.”

21 Ipapo Dhavhidhi akasvika kuvarume vaya mazana maviri vakanga vaneta kwazvo pakumutevera uye vakanga vasiyiwa mumashure parukova rweBhesori. Vakabuda kuti vazosangana naDhavhidhi uye navanhu vakanga vanaye. Dhavhidhi navanhu vake vakati vaswedera
kwavari, vakavakwazisa. 22 Asi vanhu vose vakaipa nevemhirizhonga
pakati pavateveri vaDhavhidhi vakati, “Nemhaka yokuti havana kuenda nesu, hatidi kugovana navo zvatakapamba zvatakawana. Kunyange zvakadaro, murume mumwe nomumwe ngaatore hake mukadzi wake navana aende.”

23 Dhavhidhi akati, “Kwete hama dzangu, hamufaniri kuita izvozvo pane zvatakapiwa naJehovha. Ndiye akatidzivirira akaisa mumaoko edu varwi
vakauya kuzorwa nesu. 24 Ndianiko achateerera kune zvamunoreva?
Mugove womunhu akasara achichengeta nhumbi unofanira kuva wakaenzana nowouyo akaenda kuhondo.” 25 Dhavhidhi akaita izvi kuti uve
mutemo nomurayiro kuvaIsraeri kubva pazuva iroro kusvikira nhasi.

26 Dhavhidhi akati asvika muZikiragi, akatumira zvimwe zvezvakapambwa kuvakuru veJudha, avo vakanga vari shamwari dzake, achiti, “Hecho chipo chenyu chamapiwa chabva pane zvakapambwa zvavavengi vaJehovha.”

27 Akachitumira kuna vaya vakanga vari muBheteri, Ramoti Negevhi ne-
Jariri; 28 kuna avo vakanga vari muAroeri, Sifimoti, Eshitemoa 29 neRakari;
kuna avo vakanga vari mumaguta avaJerameeri navaKeni; 30 kuna avo
vakanga vari muHorima, Bhori Ashani, Ataki 31 neHebhuroni; uye kuna
avo vakanga vari mune dzimwe nzvimbo dzose dzakanga dzafambwa naDhavhidhi navanhu vake.

# 31

*Sauro anozviuraya*

1 Zvino vaFiristia vakarwa navaIsraeri; vaIsraeri vakatiza pamberi pavo,
uye vazhinji vakawira pasi vaurayiwa paGomo reGiribhoa. 2 VaFiristia

vakasimbirira kwazvo kuteverera Sauro navanakomana vake, uye vakau-
raya vanakomana vake, Jonatani, Abhinadhabhi naMariki-Shua. 3 Hondo
yakapisa pakanga pana Sauro, uye vapfuri vouta vakati vasvika pedyo
naye, vakamukuvadza zvakaipisisa.

4 Sauro akati kune aibata nhumbi dzake dzokurwa nadzo, "Vhomora
munondo wako undibaye nawo, kuti ava vasina kudzingiswa varege
kuuya vakandibaya uye vakandidadira."

Asi mubati wenhumbi dzake akatya akasazviita; saka Sauro akatora
munondo wake akazviwisira pauri. 5 Mubati wenhumbi dzake dzokurwa
akati aona kuti Sauro afa, iyewo akawira pamunondo wake akafa. 6 Saka
Sauro navanakomana vake vatatu nomubati wenhumbi dzake dzokurwa
uye navanhu vake vose vakafa pamwe chete pazuva iroro.

7 VaIsraeri vaiva mumupata navose vaiva mhiri kweJorodhani vakati
vaona kuti hondo yavaIsraeri yakanga yatiza, uye kuti Sauro navanako-
mana vake vatatu vakanga vafa, vakasiya maguta avo vakatiza. Saka
vaFiristia vakauya vakagaramo.

8 Fume mangwana, vaFiristia vakati vachiuya kuzokutunura zvi-
nokosha zvaiva pazvitunha, vakawana Sauro navanakomana vake vatatu
vakawirawo pasi vakafa paGomo reGiribhoa. 9 Vakagura musoro wake
vakabvisa nhumbi dzake dzokurwa nadzo, vakatuma nhume munyika
yose yavaFiristia kundozivisa mashoko aya kutemberi yezvifananidzo
zvavo uye napakati pavanhu vavo. 10 Vakaisa nhumbi dzake dzokurwa
mutemberi yaAshitoreti vakasungirira chitunha chake pamasvingo eBheti
Shani.

11 Vanhu vokuJabheshi Gireadhi vakati vanzwa zvakanga zvaitwa
navaFiristia kuna Sauro, 12 mhare dzavo dzose dzakasimuka dzikafamba
usiku hwose dzichienda kuBheti Shani. Vakaburutsa mitumbi yaSauro na-
vanakomana vake kubva pamasvingo eBheti Shani vakaenda kuJabheshi,
kwavakandoipisa. 13 Ipapo vakatora mapfupa avo vakaaviga pasi pomuti
womutamariki paJabheshi, uye vakatsanya kwamazuva manomwe.

# 2 SAMUERI

*Dhavhidhi anonzwa nezvoKufa kwaSauro*

1 Mushure mokufa kwaSauro, Dhavhidhi akadzoka kubva kuhondo
yaakakunda vaAmareki uye akagara paZikiragi kwamazuva maviri.
2 Pazuva rechitatu mumwe murume akasvika achibva kumusasa waSauro,
zvipfeko zvake zvakabvaruka uye musoro wake uzere guruva. Paakasvika
paiva naDhavhidhi, akazviwisira pasi achiratidza rukudzo.

3 Dhavhidhi akabvunza akati, "Wabvepiko?"

Iye akapindura akati, "Ndapunyuka kumisasa yavaIsraeri."

4 Dhavhidhi akabvunza akati, "Chii chaitika ikoko? Ndiudze."

Iye akati, "Vanhu vatiza kubva pavanga vachirwira. Vazhinji vavo vafa.
Sauro nomwanakomana wake Jonatani vafa."

5 Ipapo Dhavhidhi akabvunza jaya rakanga rauya neshoko iri akati,
"Unoziva sei kuti Sauro nemwanakomana wake Jonatani vafa?"

6 Jaya riya rakati, "Ini ndakanga ndiri pamusoro peGomo reGiribhoa,
uye ndikaona Sauro akasendamira papfumo rake, ipapo ngoro dzavarwi
navatasvi zvichivirima zvotosvika paari. 7 Zvino iye akati acheuka
akandiona, akandidana, ini ndikati, 'Ndiri pano?'

8 "Akandibvunza akati, 'Ndiwe aniko?'

"Ndakamupindura ndikati, 'Ndiri muAmareki.'

9 "Ipapo iye akati kwandiri, 'Uya umire pandiri undiuraye! Ndiri
mukurwadziwa kukuru asi ndichiri mupenyu.'

10 "Naizvozvo ndakamira paari ndikamuuraya, nokuti ndaiziva kuti
mushure mokunge awira pasi haaizorarama. Uye ndakatora korona
yakanga iri mumusoro make norundarira rwaiva muruoko rwake, uye
ndauya nazvo kuno kuna ishe wangu."

11 Ipapo Dhavhidhi navarume vose vaakanga anavo vakabata nguo
dzavo vakadzibvarura. 12 Vakachema nokuungudza vakazvinyima
zvokudya kusvikira manheru nokuda kwaSauro nomwanakomana wake
Jonatani, uye nokuda kwehondo yaJehovha neimba yaIsraeri, nokuti
vakanga vaurayiwa nomunondo.

13 Dhavhidhi akati kujaya rakanga rauya neshoko kwaari, "Iwe unob-
vepiko?"

Akapindura akati, "Ndiri mwanakomana womutorwa, muAmareki."

14 Dhavhidhi akamubvunza akati, "Sei iwe usina kutya kusimudza ruoko
rwako uchiparadza muzodziwa waJehovha?"

15 Ipapo Dhavhidhi akadana mumwe wavarume vaaiva navo akati,
"Enda, umuuraye!" Naizvozvo akamubaya, akafa. 16 Nokuti Dhavhidhi
akanga ati kwaari, "Ropa rako ngarive pamusoro pako. Muromo wako
ndiwo wazvipupurira pawati, 'Ndauraya muzodziwa waJehovha.' "

*Dhavhidhi anochema Sauro naJonatani*

17 Dhavhidhi akaimba rwiyo urwu rwokuchema Sauro nomwanako-
mana wake Jonatani, 18 uye akarayira kuti vanhu veJudha vadzidziswe
rwiyo urwu rwokuchema rwouta (rwakanyorwa mubhuku raJashari):

19 "Haiwa Israeri, kubwinya kwako kwaparadzwa pamitunhu yako yakak-
wirira.
Haiwa, vane simba wawira pasi sei!

20 “Musazvireva muGati,
musazviparidza mumigwagwa yeAshikeroni,
kuti vanasikana vavaFiristia vasazofara,
kuti vanasikana vevasina kudzingiswa varege kupembera.

21 “Haiwa imi makomo eGiribhoa,
ngakurege kuva nedova kana mvura pamusoro penyu,
kana minda inobereka zviyo zvakawanda.
Nokuti ipapo ndipo pakasvibiswa nhoo yemhare,
iyo nhoo yaSauro, isisina kuzorwa mafuta.
22 Kubva muropa ravakaurayiwa,
kubva munyama yemhare,
uta hwaJonatani hahuna kudzoka,
munondo waSauro hauna kudzoka usina kugutswa.

23 “Sauro naJonatani,
muupenyu vaidikanwa uye vakanaka,
nomurufu havana kuparadzaniswa.
Vaimhanya kupfuura makondo,
vaiva vakasimba kupfuura shumba.

24 “Haiwa vanasikana veIsraeri,
chemai nokuda kwaSauro,
iye aikupfekedzai zvishongo zvitsvuku uye zvakaisvonaka,
aishongedza nguo dzenyu nezvishongo zvegoridhe.

25 “Haiwa vane simba vawira pasi sei muhondo!
Jonatani avete, aurayiwa pamitunhu yenyu yakakwirira.
26 Ndiri kutambudzika kwazvo pamusoro pako, Jonatani mununʼuna wangu;
wakanga uchikosha kwazvo kwandiri.
Rudo rwako kwandiri rwaishamisa,
rwaishamisa kudarika rwavakadzi.

27 “Haiwa vane simba vakawira pasi sei!
Zvombo zvehondo zvaparadzwa!”

# 2

*Dhavhidhi anozodzwa kuti ave Mambo weJudha*

1 Nokufamba kwenguva, Dhavhidhi akabvunza kuna Jehovha akati, “Ko, ndoenda zvangu kune rimwe ramaguta eJudha here?”

Jehovha akapindura akati, “Enda hako.”

Dhavhidhi akabvunza akati, “Ndoenda kupi?”

Jehovha akapindura akati, “KuHebhuroni.”

2 Naizvozvo Dhavhidhi akaendako navakadzi vake vaviri, Ahinoami
weJezireeri naAbhigairi, chirikadzi yaNabhari weKarimeri. 3 Dhavhidhi
akatorawo varume vose vaaiva navo, mumwe nomumwe nemhuri yake,
akandogara muHebhuroni nomumaguta omo. 4 Ipapo varume veJudha
vakauya paHebhuroni vakazodzapo Dhavhidhi kuti ave mambo weimba
yaJudha.

Zvino Dhavhidhi paakanzwa kuti varume veJabheshi Gireadhi ndivo
vakanga vaviga Sauro, 5 akatuma nhume kuvarume veJabheshi Gireadhi

kuti dzinoti kwavari, "Jehovha ngaakuropafadzei nokuti makaratidza
tsitsi pana Sauro tenzi wenyu pakumuviga kwamakamuita. 6 Zvino
Jehovha ngaachikuitirai tsitsi nokutendeka, uye neniwo ndichakuitirai
zvimwe chetezvo nokuti imi makaita izvozvi. 7 Naizvozvo ivai nesimba
nokutsunga, nokuti Sauro tenzi wenyu afa, uye imba yaJudha yandizodza
kuti ndive mambo wavo."

### *Kurwa pakati peimba yaDhavhidhi neyaSauro*

8 Zvichakadaro, Abhineri mwanakomana waNeri, mukuru wehondo
yaSauro, akanga atora Ishi-Bhosheti mwanakomana waSauro, akando-
muisa kuMahanaimi. 9 Akamugadza kuti ave mambo weGireadhi, Ashuri
neJezireeri, uyewo pamusoro peEfuremu, Bhenjamini neIsraeri yose.

10 Ishi-Bhosheti mwanakomana waSauro akanga ava namakore makumi
mana paakava mambo weIsraeri, uye akatonga kwamakore maviri.
Kunyange zvakadaro, imba yaJudha yakatevera Dhavhidhi. 11 Nguva yak-
abata Dhavhidhi ushe hweimba yaJudha paHebhuroni yaisvika makore
manomwe nemwedzi mitanhatu.

12 Abhineri mwanakomana waNeri, pamwe chete navaranda vaIshi-
Bhosheti mwanakomana waSauro, vakabva paMahanaimi vakaenda
kuGibheoni. 13 Joabhu mwanakomana waZeruya navaranda vaDhavhidhi
vakandosangana navo padziva reGibheoni. Vakagara pasi mhiri kwedziva,
rimwe boka ndokugara kuno rumwe rutivi.

14 Ipapo Abhineri akati kuna Joabhu, "Ngatiitei kuti mamwe majaya edu
asimuke arwe namaoko pamberi pedu."

Joabhu akati, "Zvakanaka, ngavaite izvozvo."

15 Naizvozvo vakasimuka vakaverengwa varume gumi navaviri kuru-
tivi rwaBhenjamini naIshi-Bhosheti mwanakomana waSauro, uye gumi
navaviri kurutivi rwaDhavhidhi. 16 Ipapo mumwe nomumwe akabata
musoro wewaairwa naye ndokumubaya nebakatwa parutivi pake, vose
ndokuwira pasi. Naizvozvo nzvimbo iyoyo iri muGibheoni yakatumidzwa
kuti Herikati Hazurimi.

17 Kurwa kwezuva iroro kwakatyisa kwazvo, uye Abhineri navarume
veIsraeri vakakundwa navaranda vaDhavhidhi.

18 Vanakomana vatatu vaZeruya vakanga varipo vaiti: Joabhu, Ab-
hishai naAsaheri. Zvino Asaheri aimhanya zvikuru kwazvo sechengu.
19 Akadzinganisa Abhineri, asingambotsaukiri kurudyi kana kuruboshwe
paaimudzingirira. 20 Abhineri akacheuka akabvunza akati, "Ndiwe here,
Asaheri?"

Iye akapindura akati, "Ndini."

21 Ipapo Abhineri akati kwaari, "Enda kurudyi kana kuruboshwe; ubate
rimwe ramajaya uritorere zvombo zvaro." Asi Asaheri haana kurega
kumudzinganisa.

22 Abhineri akayambira Asaheri zvakare akati, "Chirega zvokundidzin-
ganisa! Unodirei kuti ndikuuraye? Ndingazotarisana sei nomukoma wako
Joabhu?"

23 Asi Asaheri akaramba achingomudzinganisa. Naizvozvo Abhineri
akabaya Asaheri padumbu neshure kwepfumo rake, pfumo rikabuda
nokumusana. Akawira ipapo ndokubva afa. Uye munhu wose aimira kana
angosvika chete panzvimbo pakanga pawira Asaheri akafa.

24 Asi Joabhu naAbhishai vakatevera Abhineri, uye zuva rakati
ronovira, vakasvika pachikomo cheAma, pedyo neGiya munzira inoenda

kurenje reGibheoni. 25 Ipapo varume veBhenjamini vakaungana vachitungamirirwa naAbhineri. Vakaumba boka rimwe vakamira pamusoro pechikomo.

26 Abhineri akadanidzira kuna Joabhu achiti, "Ko, munondo ucharamba uchingoparadza nokusingaperi here? Hauoni kuti izvi zvichavava pakupedzisira here? Uchasvika kupiko usati warayira vanhu vako kuti varege kudzinganisana nehama dzavo?"

27 Naizvozvo akapindura akati, "Ndinopika naMwari mupenyu, dai wanga usina kuzvitaura, varume ava vangadai varamba vachidzinganisa hama dzavo kusvikira mangwana mangwanani."

28 Naizvozvo Joabhu akaridza hwamanda, vanhu vose vakamira; vakarega kudzinganisa vaIsraeri, vakasazorwazve.

29 Abhineri navanhu vake vakafamba nousiku hwose vakagura nomuArabha. Vakayambuka Jorodhani, ndokuramba vachienda nomuBhitironi rose vachibva vasvika paMahanaimi.

30 Ipapo Joabhu akadzoka kubva mukudzinganisa Abhuneri ndokuunganidza vanhu vake vose. Pasingaverengerwi Asaheri, kwakashayikwa
varume gumi navapfumbamwe vedivi raDhavhidhi. 31 Asi varanda
vaDhavhidhi vakanga vauraya vaBhenjamini mazana matatu ana makumi
matanhatu vaiva naAbhuneri. 32 Vakatora Asaheri vakandomuviga
muguva rababa vake paBheterehema. Ipapo Joabhu navanhu vake vakafamba usiku hwose vakandosvika paHebhuroni mambakwedza.

# 3

1 Hondo pakati peimba yaSauro neimba yaDhavhidhi yakatora nguva refu isati yapera. Dhavhidhi akaramba achisimba asi imba yaSauro yakaramba ichipererwa nesimba.

2 Dhavhidhi akaberekerwa vanakomana paHebhuroni:

Dangwe rake raiva Amunoni mwanakomana waAbhinoami weJezireeri;
3 wechipiri, Kiriabhu mwanakomana waAbhigairi chirikadzi yaNabhari weKarimeri;
wechitatu, Abhusaromu mwanakomana waMaaka mwanasikana waTarimai mambo weGeshuri;
4 wechina, Adhoniya mwanakomana waHagiti;
wechishanu, Shefatia mwanakomana waAbhitari;
5 uye wechitanhatu, Itireamu mwanakomana womukadzi waDhavhidhi Egira.

Ava ndivo vakaberekerwa Dhavhidhi paHebhuroni.

*Abhineri anoenda kudivi raDhavhidhi*

6 Munguva yehondo pakati peimba yaSauro neimba yaDhavhidhi,
Abhineri akanga achisimbisa chinzvimbo chake muimba yaSauro. 7 Zvino
Sauro aiva nomukadzi womurongo ainzi Rizipa mwanasikana waAiya. Uye Ishi-Bhosheti akati kuna Abhineri, "Wakararirei nomurongo wababa vangu?"

8 Abhineri akatsamwa zvikuru nezvakanga zvataurwa naIshi-Bhosheti ndokupindura achiti, "Ko, ndiri musoro wembwa kurutivi rwaJudha here? Nhasi uno ndakatendeka, kuimba yababa vako Sauro nokumhuri yake zvose neshamwari dzake. Handina kukuisa mumaoko aDhavhidhi. Kunyange zvakadaro iye zvino unondipomera mhaka pamusoro pomukadzi uyu! 9 Mwari ngaarove Abhineri, zvive zvinorwadza kwazvo,

kana ndikasaitira Dhavhidhi izvo zvaakapikirwa naJehovha 10 nokubvisa
umambo muimba yaSauro ndichisimbisa chigaro choushe chaDhavhidhi
pamusoro peIsraeri neJudha kubva paDhani kusvikira kuBheerishebha."
11 Ishi-Bhosheti haana kuzomboti bufuzve kuna Abhineri, nokuti akanga
ava kumutya.

12 Ipapo Abhineri akatumira nhume kuna Dhavhidhi kuti dzindopa
mashoko ake okuti, "Ko, nyika ino ndeyani? Itai sungano neni, uye ini
ndichakubatsirai kuti Israeri yose iuye kwamuri."

13 Dhavhidhi akati, "Zvakanaka, ndichaita sungano newe. Asi ndinoda
chinhu chimwe chete kubva kwauri: Usasvika pamberi pangu kunze
kwokunge wauya naMikari mwanasikana waSauro paunouya kuzon-
diona." 14 Ipapo Dhavhidhi akatuma nhume kuna Ishi-Bhosheti mwanako-
mana waSauro, kundoti, "Ndipe Mikari mudzimai wangu, wandakatsidzi-
rana naye nezvikanda zvokudzingiswa zvapamberi zvavaFiristia vane
zana."

15 Naizvozvo Ishi-Bhosheti akatuma nhume kundomutora kumurume
wake Paritieri mwanakomana waRaishi. 16 Zvisinei, murume wake
akamuperekedza, achichema ari mumashure make dakara vanosvika
kuBhahurimi. Ipapo Abhineri akati kwaari, "Dzokera kumba!" iye
ndokudzokera hake.

17 Abhineri akakurukura navakuru veIsraeri akati, "Pava nenguva
muchida kugadza Dhavhidhi kuti ave mambo wenyu. 18 Saka chizviitai
iye zvino! Nokuti Jehovha akavimbisa Dhavhidhi achiti, 'Noruoko
rwomuranda wangu Dhavhidhi ndichanunura vanhu vangu Israeri kubva
muruoko rwavavengi vavo vose.' "

19 Abhineri akataura navaBhenjamini pachake. Ipapo akabva akaenda
kundoudza Dhavhidhi paHebhuroni zvose zvakanga zvichida kuzoitwa
navaIsraeri neimba yose yaBhenjamini. 20 Zvino Abhineri, uyo akanga
ana varume makumi maviri, akati asvika kuna Dhavhidhi paHebhuroni,
Dhavhidhi akamugadzirira mabiko pamwe chete navarume vaaiva navo.
21 Ipapo Abhineri akati kuna Dhavhidhi, "Nditenderei kuti ndiende iye
zvino ndinounganidzira ishe wangu mambo Israeri yose, kuti vaite
sungano nemi, uye kuti mubate ushe pamusoro pezvose zvinodiwa
nomwoyo wenyu." Saka Dhavhidhi akaendesa Abhineri, iye akaenda
norugare.

### *Joabhu anouraya Abhineri*

22 Panguva iyoyo varanda vaDhavhidhi naJoabhu vakadzoka kubva
kundopamba uye vakauya nezvakawanda zvavakanga vapamba. Asi
Abhineri akanga achisiri pamwe naDhavhidhi muHebhuroni, nokuti
Dhavhidhi akanga amutendera kuenda, uye akanga aenda norugare.
23 Joabhu paakasvika navarwi vose vaaiva navo, akaudzwa kuti Abhineri
mwanakomana waNeri akanga auya kuna mambo uye kuti mambo
akanga amutendera kuti aende, uye akanga aenda norugare.

24 Naizvozvo Joabhu akaenda kuna mambo akati, "Ko, chii chamaita?
Tarirai, Abhineri akauya kwamuri. Ko, makaregerei achienda? Zvino
atoenda zvake! 25 Munomuziva imi Abhuneri mwanakomana waNeri;
anga auya kuzokunyengerai uye kuzoongorora mafambiro enyu nokusora
zvose zvamuri kuita."

26 Ipapo Joabhu akabva pana Dhavhidhi ndokutumira nhume kuti
dzitevere Abhineri, uye vakadzoka naye kubva patsime reSira. Asi
Dhavhidhi haana kuzviziva. 27 Kuzoti Abhineri adzoka paHebhuroni,
Joabhu akamutora akaenda naye parutivi, pakati pesuo sokunge aida

kutaura naye muchivande. Zvino ipapo, kuti atsive ropa raAsaheri
munun'una wake, Joabhu akamubaya padumbu, ndokubva afa.
28 Shure kwokunge Dhavhidhi anzwa nezvazvo, akati, "Ini noushe
hwangu hatina mhosva nokusingaperi pamberi paJehovha pamusoro
peropa raAbhuneri mwanakomana waNeri. 29 Ropa rake ngarive pamu-
soro waJoabhu nepaimba yababa vake yose! Imba yaJoabhu ngairege
kushaya munhu ane ronda risingapori, kana ana maperembudzi, kana
anofamba nomudonzvo, kana anourayiwa nomunondo, kana anoshayiwa
zvokudya."
30 (Joabhu nomunun'una wake Abhishai vakaponda Abhineri nokuti
akanga auraya Asaheri munun'una wavo muhondo paGibheoni.)
31 Ipapo Dhavhidhi akati kuna Joabhu navanhu vose vaiva naye, "Bvaru-
rai nguo dzenyu mupfeke masaga mufambe muchiungudza pamberi
paAbhineri." Mambo Dhavhidhi pachake akafamba ari shure kwengoro
yaiva nechitunha. 32 Vakaviga Abhineri paHebhuroni, uye mambo
akaridza mhere paguva raAbhineri. Vanhu vose vakachemawo.
33 Mambo akaimba rwiyo urwu rwokuchema Abhineri:
"Ko, Abhineri aifanira kufa nomufiro webenzi here?
34 Maoko ako akanga asina kusungwa,
makumbo ako akanga asina kuiswa mumatare.
Wakafa sokufa kwomunhu anofira pamberi pavanyangadzi."
Uye vanhu vose vakamuchemazve.
35 Ipapo vose vakauya vakagombedzera Dhavhidhi kuti awane chaan-
gadya achiri masikati; asi Dhavhidhi akaita mhiko, achiti, "Mwari
ngaandirove, uye zvakanyanyisa, kana ndikaravira chingwa kana chimwe
chinhu zuva risati ravira!"
36 Vanhu vose vakazviona uye vakafara; zvirokwazvo, chose chakaitwa
namambo chakavafadza. 37 Naizvozvo musi uyu vanhu vose neIsraeri
yose, vakaziva kuti mambo akanga asingatenderani nokuurayiwa kwaAb-
hineri mwanakomana waNeri.
38 Ipapo mambo akati kuvaranda vake, "Hamuzivi here kuti nhasi kwafa
jinda uye munhu anokosha muIsraeri? 39 Uye kuti nhasi, kunyange ndiri
mambo akazodzwa, handina simba, uye vanakomana vaZeruya ava vava
nesimba kupfuura ini. Jehovha ngaaripire munyangadzi zvinoenderana
nokuipa kwamabasa ake!"

# 4

*Ishi-Bhosheti anourayiwa*

1 Ishi-Bhosheti mwanakomana waSauro paakanzwa kuti Abhineri
akanga afa paHebhuroni, akapererwa nesimba, uye Israeri yose
yakavhunduka. 2 Zvino mwanakomana waSauro akanga ana varume
vaviri vakanga vari vakuru vamapoka avapambi. Mumwe ainzi Bhaana
mumwe achinzi Rekabhu; vakanga vari vanakomana vaRimoni muB-
heeroti aibva kurudzi rwaBhenjamini (Bheeroti rinoverengerwawo kuna
Bhenjamini, 3 nokuti vanhu veBheeroti vakatizira kuGitaimu uye vaka-
garako savatorwa kusvikira nhasi.)
4 Jonatani mwanakomana waSauro aiva nomwanakomana aiva chirema
makumbo ose. Aiva namakore mashanu panguva yakasvika shoko
pamusoro paSauro naJonatani richibva kuJezireeri. Mureri wake aka-
musimudza akatiza, asi paaimhanya kuti aende, mwana akadonha akabva
aremara. Zita rake ainzi Mefibhosheti.

5 Zvino Rekabhu naBhaana, vanakomana vaRimoni muBheeroti, vak-
abuda vakananga kumba kwaIshi-Bhosheti, vakasvikako masikati zuva
richipisa iye ari pakuzorora kwake kwamasikati. 6 Vakapinda mukati
memba vachiita sevanondotora gorosi, ndokubva vamubaya padumbu.
Ipapo Rekabhu nomunun'una wake Bhaana vakabva vatiza.

7 Vakanga vapinda mumba panguva yaakanga akarara pamubhedha
wake muimba yokurara. Pavakamubaya vakamuuraya, ndokugura
musoro wake. Vakautora, ndokufamba usiku nenzira yeArabha.
8 Vakandosvika nomusoro wa Ishi-Bhosheti kuna Dhavhidhi paHebhuroni
vakati kuna mambo, "Hounoi musoro waIshi-Bhosheti mwanakomana
waSauro, muvengi wenyu, uyo aida kutora upenyu hwenyu. Nhasi
Jehovha atsivira ishe wangu mambo pamusoro paSauro navana vake."

9 Dhavhidhi akapindura Rekabhu naBhaana, vanakomana vaRimoni
muBheeroti akati, "Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, uyo akandinunura
munjodzi dzose, 10 pandakaudzwa nomumwe murume kuti, 'Sauro afa,'
iye achifunga kuti ari kuuya nenhau dzakanaka, ndakamubata ndikamuu-
raya paZikiragi. Ndiwo mubayiro wandakamupa pamashoko ake! 11 Ko,
zvino zvichava sei, kana vanhu vakaipa vachinge vauraya munhu asina
mhosva mumba make uye ari pamubhedha wake, handingatsvaki ropa
rake pamaoko enyu here, kuti ndikubvisei panyika!"

12 Saka Dhavhidhi akarayira majaya ake, vakavauraya. Vakadimura
maoko namakumbo avo ndokurembedza miviri yavo padziva reHeb-
huroni. Asi vakatora musoro waIshi-Bhosheti vakandouviga muguva
raAbhineri paHebhuroni.

# 5

*Dhavhidhi anozodzwa kuti ave Mambo weIsraeri*

1 Marudzi ose avaIsraeri akauya kuna Dhavhidhi paHebhuroni akati,
"Tiri nyama yenyu neropa renyu. 2 Panguva yakapfuura, Sauro paakanga
ari mambo wedu, ndimi maitungamirira vaIsraeri kuhondo dzavo. Uye
Jehovha akati kwamuri, 'Uchafudza vanhu vangu Israeri, ugova mutongi
wavo.' "

3 Vakuru vose veIsraeri vakati vauya kuna Dhavhidhi paHebhuroni,
mambo akaita sungano navo paHebhuroni pamberi paJehovha, uye
vakazodza Dhavhidhi kuti ave mambo weIsraeri.

4 Dhavhidhi akanga ava namakore makumi matatu paakava mambo,
uye akatonga kwamakore makumi mana. 5 MuHebhuroni akatonga
Judha kwamakore manomwe nemwedzi mitanhatu, uye muJerusarema
akatonga Israeri yose neJudha kwamakore makumi matatu namatatu.

*Dhavhidhi anokunda Jerusarema*

6 Mambo navanhu vakafamba vachienda kuJerusarema kundorwisa
vaJebhusi, vaigarako. VaJebhusi vakati kuna Dhavhidhi, "Haungapindi
muno; kunyange mapofu kana zvirema vanokwanisa kukudzinga."
Vakafunga pachavo vachiti, "Dhavhidhi haambokwanisi kupinda muno."
7 Kunyange zvakadaro, Dhavhidhi akakunda nhare yeZioni, Guta raD-
havhidhi.

8 Pazuva iro, Dhavhidhi akati, "Wose anoda kukunda vaJebhusi
ngaatange apinda nomugero wemvura kuti asvike pane 'zvirema
namapofu' vanova ndivo vavengi vaDhavhidhi." Ndokusaka zvichinzi,
" 'Mapofu nezvirema' vasapinda muimba yaMambo."

9 Dhavhidhi akagara munhare uye akaitumidza kuti Guta raDhavhidhi.
Akavaka nzvimbo yose yakaipoteredza, kubva panheyo dzaitsigira
rusvingo zvichipinda mukati. 10 Simba rake rakaramba richiwedzerwa,
nokuti Jehovha Mwari Wamasimba Ose aiva naye.

11 Zvino Hiramu mambo weTire akatuma nhume kuna Dhavhidhi,
namatanda omusidhari, navavezi navavaki vanoshandisa matombo uye
vakavakira Dhavhidhi muzinda. 12 Dhavhidhi akaziva kuti Jehovha
akanga amusimbisa samambo weIsraeri uye akanga asimudzira umambo
hwake nokuda kwavanhu vake Israeri.

13 Mushure mokunge abva paHebhuroni, Dhavhidhi akazvitorera
vamwe varongo navakadzi muJerusarema, uye akaberekerwa vamwe
vanakomana navanasikana. 14 Aya ndiwo mazita avana vaakaberekerwa
ikoko: Shobhabhi, Natani, Soromoni, 15 Ibhari, Erishua, Shamua, Nefegi,
Jafia, 16 Erishama, Eriadha naErifereti.

### *Dhavhidhi anokunda vaFiristia*

17 VaFiristia vakati vanzwa kuti Dhavhidhi azodzwa kuti ave mambo
weIsraeri, vakakwidza vose kundomutsvaka, asi Dhavhidhi akazvinzwa
ndokubva aburukira kunhare. 18 Zvino vaFiristia vakanga vauya vaka-
pararira muMupata weRefaimi. 19 Saka Dhavhidhi akabvunza Jehovha
akati, "Ndoenda here kundorwisa vaFiristia? Ko, muchavaisa mumaoko
angu here?"

Jehovha akamupindura akati, "Enda, nokuti zvirokwazvo ndichaisa
vaFiristia mumaoko ako."

20 Naizvozvo Dhavhidhi akaenda kuBhaari Perazimu, uye ikoko
akavakunda. Akati, "Sokupaza kunoita mvura, Jehovha apaza vavengi
vangu pamberi pangu." Naizvozvo nzvimbo iyo yakanzi Bhaari Perazimu.
21 VaFiristia vakasiya zvifananidzo zvavo ipapo, Dhavhidhi navanhu vake
vakazvitakura vakaenda nazvo.

22 VaFiristia vakadzokazve uye vakapararira muMupata weRefaimi;
23 saka Dhavhidhi akabvunza Jehovha, akapindura akati, "Musakwidza
makavananga, asi pótererai nokumashure kwavo mugovarwisa mberi
kwemiti yemibharisamu. 24 Pamunongonzwa ruzha rwokufamba kwa-
vanhu pamusoro pemiti yemibharisamu, mubve mafamba nokukuru-
midza, nokuti zvichareva kuti Jehovha aenda mberi kwenyu kuti aparadze
hondo yavaFiristia." 25 Naizvozvo Dhavhidhi akaita sezvaakanga arayirwa
naJehovha, uye akaparadza vaFiristia kubva paGibheoni kusvika kuGez-
eri.

# 6

### *Areka inouyiswa kuJerusarema*

1 Dhavhidhi akaunganidza zvakare varume veIsraeri vakanga
vasarudzwa, vaisvika makumi matatu ezviuru. 2 Akasimuka akaenda
navanhu vose vaakanga anavo kuBhaara reJudha, kundotora areka
yaMwari kubva ikoko, iyo inodanwa neZita, iro zita raJehovha
Wamasimba Ose, agere pakati pamakerubhi ari pamusoro peareka.
3 Vakaisa areka yaMwari mungoro itsva uye vakauya nayo kubva
kumba kwaAbhinadhabhu, pachikomo. Uza naAhio, vanakomana
vaAbhinadhabhu, ndivo vakanga vachifambisa ngoro itsva iyi 4 areka
yaMwari iri pamusoro payo, uye Ahio akanga achifamba mberi kwayo.
5 Dhavhidhi neimba yose yeIsraeri vakapemberera Jehovha nesimba ravo

rose, vachiimba nokuridza zviridzwa zvamarudzi ose zvomusipuresi, rudimbwa, mbira, matambureni, ngoma dzamatare namakandira.

6 Vakati vasvika paburiro raNakoni, Uza akatambanudza ruoko rwake ndokubata areka yaMwari, nokuti nzombe dzakanga dzagumburwa.
7 Kutsamwa kwaJehovha kwakapfuta pamusoro paUza nokuda kwokutadza kwake; naizvozvo Mwari akamuuraya ipapo parutivi peareka yaMwari.

8 Ipapo Dhavhidhi akatsamwa nokuti Jehovha akanga atsamwira Uza, nokudaro kusvika zvino nzvimbo iyi inodaidzwa kuti Perezi Uza.

9 Dhavhidhi akatya Jehovha pazuva iri uye akati, "Zvino areka
yaJehovha ichasvika seiko kwandiri?" 10 Haana kuda kutora areka
yaJehovha kuti aende nayo kuGuta raDhavhidhi. Asi akaitsautsira
kumba kwaObhedhi-Edhomu muGiti. 11 Areka yaJehovha yakagara
mumba maObhedhi-Edhomu muGiti kwemwedzi mitatu, Jehovha akamuropafadza, iye neimba yake yose.

12 Zvino Mambo Dhavhidhi akaudzwa kuti, "Jehovha akaropafadza imba yaObhedhi-Edhomu nezvose zvaanazvo, nokuda kweareka yaMwari." Saka Dhavhidhi akaburuka akandotora areka yaMwari kubva muimba yaObhedhi-Edhomu akakwidza nayo kuGuta raDhavhidhi achipembera
nomufaro. 13 Zvino avo vakanga vakatakura areka yaJehovha vaiti
vakafamba nhambwe nhanhatu, vobayira nzombe nemhuru yakakodzwa.
14 Dhavhidhi, akapfeka efodhi yomucheka, akatamba pamberi paJehovha
nesimba rake rose, 15 iye neimba yaIsraeri yose vakakwidza neareka
yaJehovha vachipururudza nokuridza hwamanda.

16 Areka yaJehovha payakanga yopinda muGuta raDhavhidhi, Mikari mwanasikana waSauro akatarira napawindo. Uye paakaona Mambo Dhavhidhi achipembera nokutamba pamberi paJehovha, akamushora mumwoyo make.

17 Vakasvika neareka yaJehovha vakaigadzika panzvimbo yayo mukati metende rayakanga yagadzirirwa naDhavhidhi, uye Dhavhidhi akabayira zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvokuyananisa pamberi paJe-
hovha. 18 Zvino akati apedza kubayira zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso
zvokuyananisa, akaropafadza vanhu muzita raJehovha Wamasimba Ose.
19 Ipapo akazotorazve chingwa, keke ramadheti nekeke ramazambiringa akaomeswa akazvipa kuno mumwe nomumwe weungano yose yavaIsraeri, varume navakadzi. Uye vanhu vose vakaenda kudzimba dzavo.

20 Dhavhidhi paakadzokera kumba kuti andoropafadza veimba yake, Mikari mwanasikana waSauro akabuda kundosangana naye akati, "Mambo weIsraeri azvisimudzira sei nhasi, zvaabvisa nguo dzoushe pamberi pavarandakadzi vavaranda vake sezvinoitwa nebenzi ripi zvaro."

21 Dhavhidhi akati kuna Mikari, "Ndazviita pamberi paJehovha, iye akandisarudza pachinzvimbo chababa vako kana mumwe munhu upi zvake muimba yake uye akandiita kuti ndive mutongi wavanhu vaJehovha, vaIsraeri; naizvozvo ndichapembera pamberi paJehovha.
22 Ndichazvideredza kupfuura izvi, uye ndichazvininipisa pachangu. Asi kana vari varandakadzi vawareva, ndichakudzwa navo."

23 Uye Mikari mwanasikana waSauro haana kubereka vana kusvikira pazuva rokufa kwake.

## 7

*Sungano yaMwari naDhavhidhi*

1 Zvino mambo akati agara mumuzinda wake uye Jehovha amupa zororo
kubva kuvavengi vake vose vakanga vakamupoteredza, 2 akati kuna
Natani muprofita, "Tarira ndiri pano ndigere mumuzinda wakavakwa
nemisidhari, asi areka yaMwari igere mutende."

3 Natani akapindura mambo akati, "Endai mberi muite zvose zvamu-
nazvo mupfungwa dzenyu, nokuti Jehovha anemi."

4 Usiku ihwohwo shoko raJehovha rakasvika kuna Natani, richiti:

5 "Enda undoudza muranda wangu Dhavhidhi kuti, 'Zvanzi naJe-
hovha: Ndiwe here ungandivakira imba yandingagara? 6 Ini hand-
ina kumbogara mumba kubva zuva randabudisa vaIsraeri muIjipiti
kusvikira nhasi. Ndanga ndichifamba munzvimbo nenzvimbo ndichi-
gara mutende. 7 Pose pandaifamba navaIsraeri vose, ndakamboti here
kuno mumwe wavatongi vavo vandakarayira kuti vafudze vanhu vangu
vaIsraeri, "Makaregerei kundivakira imba yemisidhari?" '

8 "Naizvozvo zvino, udza muranda wangu Dhavhidhi kuti, 'Zvanzi na-
Jehovha Wamasimba Ose: Ndakakutora kubva kumafuro kwawaifudza
makwai kuti uve mutongi wavanhu vangu vaIsraeri. 9 Ndakava newe
kwose kwawakaenda, uye ndakaparadza vavengi vako vose ndikav-
abvisa pamberi pako. Zvino zita rako ndichariita guru, richafanana
namazita avakuru vari panyika. 10 Uye ndichapa vanhu vangu
vaIsraeri nzvimbo uye ndichavasima kuti vave nomusha wavo pachavo
kuti vasazokanganiswazve. Vanhu vakaipa havachazovamanikidzazve,
sezvavakaita pakutanga 11 nezvavakaita kubva panguva yandakagadza
vatungamiri vavanhu vangu vaIsraeri. Ndichakuzorodzai kubva ku-
vavengi venyu vose.

" 'Jehovha anoti kwauri Jehovha pachake achakumisira imba: 12 Zvino
kana mazuva ako akwana uye wazorora namadzibaba ako, ndichamutsa
mwana wako kuti atore ushe hwako, achabuda mauri, uye ndichasim-
bisa ushe hwake. 13 Iye ndiye achavakira Zita rangu imba, uye
ndichasimbisa chigaro choushe hwake nokusingaperi. 14 Ini ndichava
baba vake, iye achava mwana wangu. Kana akakanganisa, ini
ndichamuranga neshamhu yavanhu, uye nokurangwa kunoitwa na-
vanhu. 15 Asi rudo rwangu haruzombobva paari, sokubvisa kwan-
dakaruita pana Sauro, uyo wandakabvisa pamberi pako. 16 Imba yako
noumambo hwako zvichagara pamberi pangu nokusingaperi; chigaro
chako choushe chichasimbiswa nokusingaperi.' "

17 Natani akazivisa Dhavhidhi mashoko ose ezvaakanga aratidzwa.

### *Munyengetero waDhavhidhi*

18 Zvino Mambo Dhavhidhi akapinda akandogara pamberi paJehovha,
akati:

"Ko, ini ndini aniko zvangu, nhai Ishe Jehovha, uye mhuri yangu chi-
iko, zvamandisvitsa pano? 19 Uyezve sezvinonzi izvi hazvina kukwana
pamberi penyu, nhai Ishe Jehovha, mataurazve nezveramangwana
reimba yomuranda wenyu. Nhai Ishe Jehovha Mwari, izvi ndizvo
zvamunogara muchiitira vanhu here?

20 "Ko, Dhavhidhi angareveizve kwamuri? Nokuti munoziva muranda
wenyu, Ishe Jehovha. 21 Nokuda kweshoko renyu uye maererano
nokuda kwenyu, maita chinhu ichi chikuru uye machizivisa kumuranda
wenyu.

22 “Haiwa muri mukuru, imi Ishe Jehovha! Hakuna mumwe
akafanana nemi, uye hakuna mumwe Mwari kunze kwenyu, sez-
vatakanzwa nenzeve dzedu. 23 Uye ndorupi rumwe rudzi rwakaita sa-
vanhu venyu vaIsraeri, irwo rudzi panyika rwakadzikinurwa naMwari
kuti vave vanhu vake, uye kuti azviitire zita, uye kuti aite zvinhu zvikuru
zvinoshamisa nokudzinga marudzi navamwari vawo pamberi pavanhu
venyu, vamakadzikinura kubva muIjipiti? 24 Makasimbisa vanhu venyu
vaIsraeri kuti vave venyu nokusingaperi, uye imi, Jehovha, mava Mwari
wavo.
25 “Naizvozvo zvino, Jehovha Mwari, simbisai nokusingaperi shoko
renyu ramakataura pamusoro pomuranda wenyu neimba yake. Itai
sezvamakavimbisa, 26 kuti zita renyu rikudzwe nokusingaperi. Zvino
vanhu vachati, ‘Jehovha Wamasimba Ose ndiye Mwari weIsraeri!’ Zvino
imba yomuranda wenyu Dhavhidhi ichasimbiswa pamberi penyu.
27 “Haiwa Jehovha Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri, makaratidza
izvi kumuranda wenyu, muchiti, ‘Ndichakuvakira imba.’ Naizvozvo
muranda wenyu atsunga kunyengetera, munyengetero uyu. 28 Haiwa
Ishe Jehovha, muri Mwari! Mashoko enyu ndeechokwadi, uye mav-
imbisa zvinhu zvakanaka kumuranda wenyu. 29 Zvino ngazviku-
fadzei kuti muropafadze imba yomuranda wenyu, kuti irambe iri
pamberi penyu nokusingaperi; nokuti imi Jehovha Mwari, mazvitaura,
uye namaropafadzo enyu, imba yomuranda wenyu icharopafadzwa
nokusingaperi.”

# 8

*Kukunda kwaDhavhidhi*

1 Nokufamba kwenguva, Dhavhidhi akakunda vaFiristia vakava pasi
pake, uye akatora Metegi Ama kubva mumaoko avaFiristia.
2 Dhavhidhi akakundawo vaMoabhu. Akavavatisa pasi akavayera
netambo. Aiti akaera kaviri netambo vanhu ivavo vourayiwa, asi avo
vaipinda pachiero chikamu chimwe chete kubva muzvitatu vaitenderwa
kurarama. Naizvozvo vaMoabhu vakaitwa varanda naDhavhidhi uye
vakabvisiswa mutero.
3 Pamusoro paizvozvo, Dhavhidhi akarwisa Hadhadhezeri mwanako-
mana waRehobhi, mambo weZobha, paakaenda kundotorazve nyika yaiva
mujinga morwizi Yufuratesi. 4 Dhavhidhi akamutorera ngoro dzamabhiza
chiuru, vachairi vengoro zviuru zvinomwe navarwi vaifamba netsoka
zviuru makumi maviri. Akaremadza makumbo eshure amabhiza ose
kusiya kwezana rimwe chete raikweva ngoro.
5 Zvino vaAramu veDhamasiko vakati vauya kuzobatsira Hadhadhezeri
mambo weZobha, Dhavhidhi akauraya zviuru makumi maviri nezviviri
pakati pavo. 6 Akaisa mapoka avarwi munyika yavaAramu yeDhamasiko,
vaAramu vakava varanda vake vakabvisiswa mutero. Jehovha akaita kuti
Dhavhidhi akunde kwose kwose kwaakaenda.
7 Dhavhidhi akatora nhoo dzegoridhe dzakanga dziri dzamakurukota
aHadhadhezeri, akauya nadzo kuJerusarema. 8 Mambo Dhavhidhi akatora
ndarira zhinji kwazvo kubva paTebha neBherotai, maguta akanga ari
aHadhadhezeri.
9 Zvino Tou mambo weHamati akati anzwa kuti Dhavhidhi akanga
akunda hondo yose yaHadhadhezeri, 10 akatuma mwanakomana wake Jo-
ramu kuna Mambo Dhavhidhi kundomukwazisa nokumukorokotedza pa-
musoro pokukunda kwaakanga aita Hadhadhezeri pakurwa, uye akanga

amborwisana naTou. Joramu akauya nemidziyo yesirivha neyegoridhe neyendarira.

11 Mambo Dhavhidhi akakumikidza midziyo iyi kuna Jehovha, sezvaakanga aita nesirivha negoridhe yakanga yabva kundudzi dzose dzaakanga akunda dzinoti:
12 Edhomu neMoabhu, vaAmoni navaFiristia, neAmareki. Akakumikidzazve zvaakanga apamba kubva kuna Hadhadhezeri mwanakomana waRehobhi, mambo weZobha.

13 Uye Dhavhidhi akava nomukurumbira paakadzoka kundouraya gumi rezviuru nezviuru zvisere zvavaEdhomu paMupata weMunyu.

14 Akaisa mapoka avarwi munyika yose yeEdhomu, vaEdhomu vose vakava varanda vaDhavhidhi. Jehovha akaita kuti Dhavhidhi akunde kwose kwaakaenda.

*Makurukota aDhavhidhi*

15 Dhavhidhi akabata ushe pamusoro peIsraeri yose, achiita zvakarurama nezvakanaka kuvanhu vose.
16 Joabhu mwanakomana waZeruya aiva mukuru wehondo; Jehoshafati mwanakomana waAhirudhi aiva muchengeti wemidziyo,
17 Zadhoki mwanakomana waAhitubhi naAhimereki mwanakomana waAbhiatari vaiva vaprista; Seraya aiva munyori;
18 Bhenaya mwanakomana waJehoyadha aiva mutariri wavaKereti navaPereti; uye vanakomana vaDhavhidhi vaiva vapi vamazano vamambo.

# 9

*Dhavhidhi naMefibhosheti*

1 Dhavhidhi akabvunza akati, "Ko, kuchine mumwe akasara here weimba yaSauro wandingaitira tsitsi nokuda kwaJonatani?"

2 Zvino kwakanga kuno muranda weimba yaSauro ainzi Zibha. Vakamudana kuti auye kuna Dhavhidhi, mambo akati kwaari, "Ndiwe Zibha here?"

Iye akapindura akati, "Ndini muranda wenyu."

3 Mambo akabvunza akati, "Hakuna mumwe akasara weimba yaSauro wandingaratidza tsitsi dzaMwari here?"

Zibha akapindura mambo akati, "Kuchine mwanakomana waJonatani; akaremara makumbo ose."

4 Mambo akabvunza akati, "Aripiko?"

Zibha akapindura akati, "Ari kuimba yaMakiri mwanakomana waAmieri kuRo Dhebhari."

5 Saka Mambo Dhavhidhi akarayira kuti andotorwa kubva kuRo Dhebhari, pamba paMakiri mwanakomana waAmieri.

6 Zvino Mefibhosheti mwanakomana waJonatani, mwanakomana waSauro akati asvika kuna Dhavhidhi, akawira pasi nechiso chake kuti aratidze rukudzo.

Dhavhidhi akati, "Mefibhosheti!"

Iye akapindura akati, "Ndini muranda wenyu."

7 Dhavhidhi akati kwaari, "Usatya hako, nokuti zvirokwazvo ndichakuitira tsitsi nokuda kwababa vako Jonatani. Ndichadzosera kwauri nyika yose yakanga iri yasekuru vako Sauro, uye uchadya patafura yangu nguva dzose."

8 Mefibhosheti akakotamira pasi akati, "Muranda wenyu chiiko, zvamunorangarira imbwa yakafa yakaita seni?"

9 Ipapo mambo akadana Zibha, muranda waSauro, akati kwaari, “Ndapa muzukuru wavatenzi vako zvose zvakanga zviri zvaSauro nemhuri yake.
10 Iwe navana vako navaranda vako ndimi muchamurimira minda mugokohwa zvirimwa, kuti muzukuru wavatenzi vako awane zvokudya. Mefibhosheti, muzukuru wavatenzi vako, achadya patafura yangu nguva dzose.” Zvino Zibha aiva navanakomana gumi navashanu navaranda makumi maviri.
11 Ipapo Zibha akati kuna mambo, “Muranda wenyu achaita zvose zvamunomurayira kuti aite imi, ishe wangu namambo. Naizvozvo Mefibhosheti akadya patafura yaDhavhidhi somumwe wavanakomana vamambo.”
12 Mefibhosheti akanga ane mwanakomana mudiki ainzi Mika, uye vose veimba yaZibha vakanga vari varanda vaMefibhosheti. 13 Saka
Mefibhosheti akagara muJerusarema nokuti aigara achidya patafura yamambo, uye akanga akaremara tsoka dzake dzose.

# 10

*Dhavhidhi anokunda vaAmoni*

1 Nokufamba kwenguva mambo wavaAmoni akafa, mwanakomana
wake Hanuni akamutevera paumambo. 2 Dhavhidhi akafunga kuti,
“Ndichaitira Hanuni mwanakomana waNahashi tsitsi, sokundiitira tsitsi kwakaita baba vake.” Naizvozvo Dhavhidhi akatuma nhume kundobata Hanuni maoko pamusoro pababa vake.

Vanhu vaDhavhidhi vakati vasvika kunyika yavaAmoni, 3 machinda
avaAmoni akati kuna Hanuni mambo wavo, “Munofunga here imi kuti Dhavhidhi ari kuremekedza baba venyu nokutumira kwaaita vanhu vake kuzochema nemi? Dhavhidhi haana kuvatuma here kuti vazoongorora guta nokurisora kuti vagoriparadza?” 4 Naizvozvo Hanuni akabata vanhu
vaDhavhidhi, akavaveura rumwe rutivi rwendebvu, akacheka zvipfeko zvavo napakati kumagaro, ndokuvadzinga.

5 Zvino Dhavhidhi akati audzwa nezvazvo, akatuma nhume kundosangana navarume ava, nokuti vakanga vanyadziswa zvikuru. Mambo akati, “Chimbogarai henyu paJeriko kudzamara ndebvu dzenyu dzakura, mugozouya.”

6 Zvino vaAmoni pavakaziva kuti vakanga vonhuhwa pamberi paDhavhidhi, vakatenga varwi vetsoka zviuru makumi maviri zvavaAramu kubva kuBheti Rehobhi neZobha, pamwe chete namambo weMaaka navarume chiuru chimwe, uye navarume zviuru gumi nezviviri vaibva kuTobhi.

7 Paakazvinzwa, Dhavhidhi akatumira Joabhu navarume vose veboka
ravarwi. 8 VaAmoni vakabuda pasuo reguta ravo ndokubva vazvironga kuti varwe, uye vaAramu veZobha neRehobhi navarume veTobhi neveMaaka vakanga vari voga mubani.

9 Joabhu akaona kuti akanga akombwa navarwi mberi neshure; naizvozvo akasarudza dzimwe mhare dzavaIsraeri ndokuvaendesa kundorwisa vaAramu. 10 Akaisa vamwe vose pasi paAbhishai mukoma
wake ndokuvatuma kundorwisa vaAmoni. 11 Joabhu akati, “Kana
vaAramu vakandikurira iwe wozouya kuzondinunura; asi kana vaAmoni vakakukurira ipapo ini ndichauya kuzokununura. 12 Iva nesimba tirwire
vanhu vedu namaguta aMwari wedu takashinga. Jehovha achaita zvinomufadza.”

13 Zvino Joabhu navarwi vake vakaenda kundorwisa vaAramu, ivo
vakatiza pamberi pake. 14 VaAmoni pavakaona vaAramu vachitiza,
vakatiza pamberi paAbhishai, ndokupinda muguta. Saka Joabhu akadzoka
kundorwisa vaAmoni akasvika kuJerusarema.
15 VaAramu vakati vaona kuti vakundwa navaIsraeri, vakaunganazve.
16 Hadhadhezeri akakokera vaAramu kubva mhiri kwoRwizi; vakaenda
kuHeramu vachitungamirirwa naShobhaki mutungamiri wehondo yaHad-
hadhezeri.
17 Dhavhidhi akati azvinzwa, akaunganidza vaIsraeri vose, vakayam-
buka Jorodhani vakaenda kuHeramu. VaAramu vakazvigadzirira kuti
vasangane naDhavhidhi uye vakarwa naye. 18 Asi vakatiza pamberi
pavaIsraeri, Dhavhidhi akauraya mazana manomwe avachairi vengoro
dzamabhiza nezviuru makumi mana zvavarwi vetsoka. Akabaya Shob-
haki mutungamiri wehondo yavo, akafira ipapo. 19 Madzimambo ose
akanga ari varanda vaHadhadhezeri akati aona kuti akundwa navaIsraeri,
akayanana navaIsraeri uye akava pasi pavo.
Saka vaAramu vakatya kubatsira vaAmoni zvakare.

# 11

*Dhavhidhi naBhatishebha*

1 Munguva yechirimo, madzimambo paanoenda kundorwa, Dhavhidhi
akatuma Joabhu navaranda vamambo nehondo yose yeIsraeri. Vakan-
doparadza vaAmoni uye vakakombawo Rabha. Asi Dhavhidhi akasara
muJerusarema.
2 Zvino rimwe zuva madekwana Dhavhidhi akamuka pamubhedha
wake akafamba pamusoro pedenga romuzinda. Aripo padenga akaona
mukadzi aishamba. Mukadzi uyu akanga akanaka kwazvo, 3 uye
Dhavhidhi akatuma munhu kundobvunza nezvomukadzi uyu. Murume
akatumwa akati, "Ko, uyu haasi Bhatishebha here mwanasikana waEri-
amu mukadzi waUria muHiti?" 4 Ipapo Dhavhidhi akatuma nhume
kundomutora. Akauya kwaari, iye akarara naye; nokuti akanga azvinatsa
pakusachena kwake. Ipapo akadzokera kumba kwake. 5 Mukadzi uyu
akabata pamuviri ndokubva atuma shoko kuna Dhavhidhi achiti, "Ndava
nemimba."
6 Saka Dhavhidhi akatuma shoko kuna Joabhu akati, "Nditumire Uria
muHiti." Saka Joabhu akamutumira kuna Dhavhidhi. 7 Uria akati asvika
kwaari, Dhavhidhi akamubvunza kuti Joabhu aiva akadini hake, zvose
navarwi uye kuti hondo yaifamba sei. 8 Ipapo Dhavhidhi akati kuna
Uria, "Enda hako kuimba yako unoshamba tsoka dzako." Naizvozvo Uria
akabva pamuzinda wamambo, uye achangoenda, mambo akamutumira
chipo. 9 Asi Uria akarara pasuo romuzinda navaranda vose vatenzi wake
akasaenda kumba kwake.
10 Zvino Dhavhidhi paakaudzwa kuti, "Uria haana kuenda kumba
kwake," akamubvunza akati, "Hauna kubva parwendo here? Sei usina
kuenda kumba kwako?"
11 Uria akati kuna Dhavhidhi, "Areka navaIsraeri pamwe chete nava-
Judha vagere mumatende, uye tenzi wangu Joabhu navanhu vaishe wangu
vari mumisasa kusango. Ko, ini ndaigozoenda sei kumba kwangu kuti
ndidye ndichinwa nokurara nomudzimai wangu? Zvirokwazvo noupenyu
hwenyu, handingaiti chinhu chakadaro!"
12 Ipapo Dhavhidhi akati kwaari, "Chigara hako pano kwezuva rimwe
chete, mangwana ndigokutendera hangu kuti udzokere." Naizvozvo

Uria akagara muJerusarema zuva iroro neraitevera. 13 Akakokwa naD-
havhidhi, akadya nokunwa naye, uye Dhavhidhi akaita kuti adhakwe.
Asi ava madekwana Uria akabuda akandovata panhoo yake pamwe chete
navaranda vatenzi wake; haana kuenda kumba kwake.
14 Chifumi chamangwana Dhavhidhi akanyora tsamba kuna Joabhu
akaituma naUria. 15 Akanyora mairi achiti, "Isa Uria pamberi paya
panorwiwa zvinotyisa zvikuru. Ipapo iwe umusiye ari oga kuti abayiwe
afe."
16 Saka Joabhu paakanga akakomba guta, akaisa Uria panzvimbo
yaaiziva kuti ndipo paiva navarume voumhare. 17 Varume veguta
pavakabuda vakarwa naJoabhu, vamwe vevarume vehondo yaDhavhidhi
vakakundwa; uye Uria muHiti akafawo.
18 Joabhu akatumira Dhavhidhi mashoko amafambiro akanga aita
hondo. 19 Akarayira nhume achiti, "Kana wapedza kurondedzera kuna
mambo mafambiro aita hondo, 20 hasha dzamambo dzingakwira, uye
angangokubvunza achiti, 'Ko, sei maswedera pedyo zvakadaro neguta
muchirwa? Manga musingazivi here kuti vaizokupfurai nemiseve vari
parusvingo? 21 Ndianiko akauraya Abhimereki mwanakomana waJerubhi-
Bhesheti? Haasi munhukadzi here akakanda guyo pamusoro pake
richibva parusvingo, zvokuti akafira paTebhezi? Sei maswedera pedyo
norusvingo?' Kana akakubvunza izvi, ipapo uti kwaari, 'Muranda wenyu
Uria muHiti afawo.' "
22 Nhume yakaenda, uye yakati yasvika, yakaudza Dhavhidhi zvose
zvayakanga yarayirwa naJoabhu. 23 Nhume yakati kuna Dhavhidhi,
"Varume avo vatikurira vakatibudira pachena, asi isu tavasairira
kusvikira vasvika pasuo reguta. 24 Ipapo vapfuri vapfura varanda venyu
vari parusvingo, uye vamwe vavaranda vamambo vafa. Uyewo, muranda
wenyu Uria muHiti afa."
25 Dhavhidhi akarayira nhume achiti, "Uti kuna Joabhu, 'Izvi ngazvirege
kukushungurudza; munondo haubayi rutivi rumwe asi nokunouyawo
wabaya. Ramba uchirwisa guta uriparadze.' Taura izvi kuna Joabhu kuti
umukurudzire."
26 Zvino mukadzi waUria paakanzwa kuti murume wake akanga
afa, akamuchema. 27 Zvino mazuva okuchema akati apera, Dhavhidhi
akamuuyisa kumba kwake, akava mukadzi wake, uye akamuberekera
mwanakomana. Asi chinhu ichi chakaitwa naDhavhidhi hachina kufadza
Jehovha.

# 12

*Natani anotsiura Dhavhidhi*

1 Jehovha akatuma Natani kuna Dhavhidhi. Paakasvika kwaari,
akataura akati, "Pakanga pane varume vaviri mune rimwe guta, mumwe
akanga akapfuma mumwe ari murombo. 2 Mupfumi uyu akanga ana
makwai mazhinji kwazvo uye nemombe zhinji, 3 asi murombo akanga
asina chinhu kusara kwegwayana rimwe chete raakanga atenga. Akarir-
era, rikakura naye navana vake. Raidya pamwe chete naye, richinwira
pamukombe waayinwira, uye richirara pamaoko ake. Rakanga rakaita
somwanasikana kwaari.
4 "Zvino muenzi aipfuura hake akasvika kumupfumi uya, asi mupfumi
uyu haana kuda kubata rimwe ramakwai ake kana mombe kuti agadzirire

zvokudya mupfuuri uyu akanga asvika kwaari. Asi iye akatora gwayana
romurombo akarigadzirira uya akanga asvika kwaari."
5 Dhavhidhi akatsamwira munhu uyu zvikuru kwazvo akati kuna
Natani, "Chokwadi naJehovha mupenyu, munhu akaita zvinhu zvakadai
anofanira kufa! 6 Anofanira kuripira gwayana iri kakapetwa runa
pamusoro, nokuti akaita zvinhu zvakadai akasava netsitsi."
7 Ipapo Natani akati kuna Dhavhidhi, "Ndimi munhu uyo! Zvanzi
naJehovha: Mwari weIsraeri: 'Ndakakuzodza kuti uve mambo weIsraeri,
uye ndakakununura kubva paruoko rwaSauro. 8 Ndakapa kwauri imba
yatenzi wako, uye vakadzi vatenzi wako ndakavaisa mumaoko ako.
Ndakakupa imba yaIsraeri neyaJudha. Uye dai zvose izvi zvakava
zvishoma, ndaidai ndakakupa zvimwezve. 9 Ko, wakazvidzirei shoko
raJehovha nokuita zvisakarurama pamberi pake? Wakauraya Uria muHiti
nomunondo uye ukatora mukadzi wake ukamuita wako. Wakamuuraya
nomunondo wavaAmoni. 10 Naizvozvo, munondo hauchazobvi mumba
mako, nokuti wakandizvidza uye ukatora mukadzi waUria muHiti kuti
ave wako.'
11 "Zvanzi naJehovha: 'Kubva mumba mako chaimo ndichauyisa njodzi
pamusoro pako. Ndichatora vakadzi vako iwe wakatarira ndigovapa kuno
mumwe ari pedyo newe, uye acharara navo masikati machena. 12 Iwe
wakaita muchivande, asi ini ndichazviita masikati machena pamberi
peIsraeri yose.' "
13 Ipapo Dhavhidhi akati kuna Natani, "Ndakatadzira Jehovha."
Natani akapindura akati, "Jehovha akuregerera chitadzo chako.
Haungafi hako kwete. 14 Asi nokuda kwokuti waita izvi, waita kuti vavengi
vaJehovha vamuzvidze kwazvo, mwanakomana uyu wauchaberekerwa
achafa."
15 Mushure mokunge Natani adzokera kumba, Jehovha akarova
mwana akaberekerwa Dhavhidhi nomukadzi waUria, akabva arwara.
16 Dhavhidhi akanyengeterera mwana kuna Mwari. Akatsanya uye
akapinda mumba make akapedza usiku nousiku akarara pasi. 17 Vakuru
veimba yake vakamira paakanga ari, vachida kuti amuke pasi paakanga
ari, asi iye akaramba, uye haana kuda kuti adye navo.
18 Pazuva rechinomwe mwana akafa. Varanda vaDhavhidhi vakatya
kumuudza kuti mwana akanga afa, nokuti vakafunga kuti, "Apo mwana
paakanga achiri mupenyu, takataura naDhavhidhi asi haana kuda ku-
titeerera. Zvino tichamuudza sei kuti mwana afa? Achazvikuvadza
zvikada."
19 Dhavhidhi akaona kuti varanda vake vakanga vachizevezerana
ndokubva aziva kuti mwana akanga afa. Akabvunza akati, "Mwana afa
kanhi?"
Vakapindura vakati, "Hongu afa."
20 Ipapo Dhavhidhi akamuka pasi paakanga ari. Mushure mokunge
ashamba, akazora mafuta, uye akapfeka zvimwe zvipfeko, akapinda
mumba maJehovha akanamata. Ipapo akaenda kumba kwake,
akakumbira zvokudya vakamupa, akadya.
21 Varanda vake vakamubvunza vakati, "Ko, muri kuitirei zv-
inhu zvakadai? Mwana paakanga achiri mupenyu makatsanya uye
mukachema, asi zvino mwana afa, momuka modya!"
22 Iye akapindura akati, "Apo mwana paakanga achiri mupenyu,
ndakatsanya uye ndikachema. Ndaifunga kuti, 'Ndiani anoziva? Zvimwe
Jehovha angandinzwira nyasha akaita kuti mwana ararame.' 23 Asi zvino

zvaafa, ndichatsanyireiko? Ko, ndingamudzosazve here? Ini ndichaenda
kwaari, asi iye haangadzoki kwandiri."
24 Zvino Dhavhidhi akanyaradza mukadzi wake Bhatishebha, akaenda
kwaari akandorara naye. Akabereka mwanakomana, vakamutumidza
kuti Soromoni. Jehovha akamuda; 25 uye nokuti Jehovha akamuda,
akatuma shoko nokuna Natani muprofita kuti amutumidze kuti Jedhidhia.
26 Zvino Joabhu akandorwa naRabha wavaAmoni uye akatora nhare ya-
mambo. 27 Ipapo Joabhu akatuma nhume kuna Dhavhidhi, achiti, "Ndar-
wisa Rabha ndikatora nzvimbo inobva mvura yeguta iri. 28 Naizvozvo
unganidzai varwi vose mukombe guta mugorikunda. Zvikasadaro ini
ndichatora guta, uye rinozotumidzwa zita rangu."
29 Naizvozvo Dhavhidhi akaunganidza hondo yose ndokubva aenda
kuRabha, akandorirwisa akaritora. 30 Akabvisa korona pamusoro wa-
mambo wavo, kurema kwayo kwaisvika tarenda rimwe chete[*] uye
yakanga yakanamirwa mabwe anokosha, uye yakaiswa pamusoro waD-
havhidhi. Akapamba zvinhu zvizhinji kwazvo kubva muguta iri 31 uye
akabudisa vanhu vakanga varimo, akavapa basa ravaishanda namajeko,
mapiki namatemo, uye akavapa basa rokukanya zvidhina. Akaita izvi
kumaguta ose avaAmoni. Ipapo Dhavhidhi nehondo yose vakadzokera
kuJerusarema.

# 13

*Amunoni naTamari*

1 Munguva iyoyo, Amunoni mwanakomana waDhavhidhi akachiva
Tamari, hanzvadzi yaAbhusaromu mwanakomana waDhavhidhi yakanga
yakanaka kwazvo.
2 Amunoni akatambudzika kusvikira pakurwara pamusoro paTamari
hanzvadzi yake, nokuti hazvaigona kuti amuite chimwe chinhu.
3 Zvino Amunoni aiva neshamwari yake yainzi Jonadhabhu mwanako-
mana waShimea, mukoma waDhavhidhi. Jonadhabhu akanga ari munhu
aiva namano. 4 Akabvunza Amunoni akati, "Seiko, iwe mwanakomana
wamambo, uchipunyaira mangwanani oga oga? Haungandiudzewo
here?"
Amunoni akati kwaari, "Ndinoda Tamari, hanzvadzi yomunun'una
wangu Abhusaromu."
5 Jonadhabhu akati, "Enda unorara unyepedzere kurwara. Zvino kana
baba vako vauya kuzokuona, uti kwavari, 'Ndinokumbira kuti hanzvadzi
yangu Tamari auye andipe zvokudya. Ndinoda kuti agadzire zvokudya ini
ndichiona kuti ndimuone uye ndigodya zvichibva mumaoko ake.' "
6 Saka Amunoni akavata pasi akanyepedzera kurwara. Zvino mambo
paakauya kuzomuona, Amunoni akati kwaari, "Ndinokumbira kuti
Tamari hanzvadzi yangu auye andibikire chingwa chakaisvonaka ndi-
chiona, kuti ndigodya zvichibva mumaoko ake."
7 Dhavhidhi akatumira shoko kuna Tamari kumba kwamambo akati,
"Enda kumba kwehanzvadzi yako Amunoni umugadzirire zvokudya."
8 Zvino Tamari akaenda kumba kwaAmunoni hanzvadzi yake, uyo akanga
akarara pasi. Akatora mukanyiwa, akakanya, akaumba chingwa uye
akachibika iye achiona. 9 Akatora pani ndokumupa chingwa, asi iye
akaramba kudya.

* **12:30** 12:30 makirogiramu angaita 34

Amunoni akati, “Vanhu vose ngavabude muno.” Saka vanhu vose
vakabuda. 10 Amunoni ndokubva ati kuna Tamari, “Uya nezvokudya
muno mumba mangu mokurara ndidye zvichibva muruoko rwako.”
Zvino Tamari akatora chingwa chaakanga abika akaenda nacho mumba
yokurara yehanzvadzi yake Amunoni. 11 Asi akati achimupa kuti adye, iye
akamubata akati, “Uya urare neni, hanzvadzi yangu.”

12 Iye akati kwaari, “Kwete, hanzvadzi yangu! Usandichinya. Chinhu
chakadai hachifaniri kuitwa muIsraeri! Usaita chinhu chakaipa zvakadai.
13 Ko, ini ndichavei? Uchava somumwe wamapenzi akaipa muIsraeri.
Ndapota, taura namambo; haangamborambi kuti ndiroorwe newe.” 14 Asi
iye akaramba kumuteerera, uye nokuti akanga ane simba kumudarika,
akamubata chibharo.

15 Ipapo Amunoni akabva amuvenga nokuvenga kukuru kwazvo, aka-
muvenga kupfuura kumuda kwaaiva ambomuita. Amunoni akati kwaari,
“Muka uende!”

16 Iye akati kwaari, “Kwete! Kundidzinga muno kwakashata kudarika
zvawatondiita nechakare.”

Asi iye akaramba kumuteerera. 17 Akadana muranda wake akati kwaari,
“Dzinga mukadzi uyu abve muno uye ukiye mukova kana achinge abuda.”
18 Ipapo muranda wake akamubudisa panze akakiya mukova shure
kwake. Akanga akapfeka nguo yaikosha zvikuru yaipenya, nokuti ndidzo
nguo dzaipfekwa navanasikana vamambo vaiva mhandara. 19 Tamari
akazvizodza madota akabvarura nguo inokosha yaakanga akapfeka.
Akabata musoro wake ndokuenda achichema zvikuru.

20 Hanzvadzi yake Abhusaromu akati kwaari, “Ko, ndiAmunoni, hanz-
vadzi yako, anga anewe here? Chinyarara zvako, hanzvadzi; iye
ihanzvadzi yako. Usanyanyozvidya mwoyo nazvo.” Uye Tamari akagara
mumba maAbhusaromu hanzvadzi yake, akava mukadzi akasurukirwa.

21 Zvino mambo Dhavhidhi akati anzwa zvose izvi, akatsamwa kwazvo.
22 Abhusaromu haana kana kumbotaura shoko kuna Amunoni, rakanaka
kana rakaipa; akavenga Amunoni nokuti akanga akanyadzisa hanzvadzi
yake Tamari.

### *Abhusaromu anouraya Amunoni*

23 Mushure mamakore maviri; vaveuri vamakwai aAbhusaromu
pavakanga vari paBhaari Hazori pedyo nomuganhu weEfuremu, akakoka
vanakomana vose vamambo kuti vauye ikoko. 24 Abhusaromu akaenda
kuna mambo akandoti, “Muranda wenyu aita kuti vaveuri vauye.
Ndapota, ko, mambo namakurukota ake haangauyi kuzova neni here?”

25 Mambo akapindura akati, “Kwete, mwanakomana wangu. Hatifaniri
kuenda tose; tingazova mutoro kwauri.” Kunyange zvazvo akamu-
gombedzera, akaramba kuenda, asi akamuropafadza.

26 Ipapo Abhusaromu akati, “Kana zvisingaiti, chitenderai henyu mu-
nun’una wangu Amunoni kuti aende nesu.”

Mambo akamubvunza akati, “Ko, iye anoendereiko nemi?” 27 Asi
Abhusaromu akavanyengetedza, saka akazotendera Amunoni navanako-
mana vose vamambo kuti vaende navo.

28 Abhusaromu akarayira vanhu vake akati, “Teererai! Kana Amunoni
anwa waini zvokuti haachabviri nokufara uye ini ndikati kwamuri,
‘Urayai Amunoni,’ ibvai mamuuraya. Musatya. Handizini ndakurayirai
here? Simbai mutsunge mwoyo.” 29 Saka vanhu vaAbhusaromu vakaita

kuna Amunoni sokurayirwa kwavakanga vaitwa naAbhusaromu. Ipapo
vana vose vamambo vakasimuka, vakatasva manyurusi avo vakatiza.
30 Vachiri munzira kudaro, shoko rakasvika kuna Dhavhidhi richiti,
“Abhusaromu auraya vanakomana vose vamambo; hapana kana mumwe
zvake asara.” 31 Mambo akasimuka, akabvarura nguo dzake akazvam-
barara pasi; ipapo varanda vake vose vakauya vaine nguo dzakabvaruka
vakamira paari.
32 Asi Jonadhabhu mwanakomana waShimea, mukoma waDhavhidhi,
akati, “Ishe wangu ngaarege kufunga kuti vauraya machinda ake ose;
Amunoni oga ndiye afa. Izvi zvakagara zviri muurongwa hwaAb-
husaromu kubvira musi wakabatwa chibharo hanzvadzi yake Tamari
naAmunoni. 33 Naizvozvo zvino Ishe wangu mambo ngaarege kuzvidya
mwoyo neshoko rokuti vanakomana vose vamambo vafa. Amunoni oga
ndiye afa.”
34 Panguva iyoyo, Abhusaromu akatiza.
Zvino murume akanga amire akarinda akatarira kumusoro akaona
vanhu vazhinji mumugwagwa nechokumavirazuva kwake, vachiburuka
norutivi rwegomo. Nharirire iyi yakaenda ikandoudza mambo kuti, “Ndiri
kuona varume kunzira yeHoronaimu, kurutivi rwegomo.”
35 Jonadhabhu akati kuna Mambo, “Tarirai, vanakomana vamambo
vasvika; zvaitika sokutaura kwomuranda wenyu.”
36 Akati achipedza kutaura, vanakomana vamambo vakabva vapinda,
vachiungudza zvikuru. Zvino mambo pamwe chete navaranda vake
vakachema neshungu kwazvo.
37 Abhusaromu akatiza akaenda kuna Tarimai mwanakomana waAmi-
hudhi, mambo weGeshuri. Asi mambo Dhavhidhi akachema pamusoro
pomwanakomana wake mazuva ose.
38 Mushure mokunge Abhusaromu atiza akaenda kuGeshuri, akandog-
arako kwamakore matatu. 39 Uye mweya wamambo wakashuva kwazvo
kuenda kuna Abhusaromu, nokuti zvino akanga anyaradzwa pamusoro
porufu rwaAmunoni.

# 14

*Abhusaromu anodzokera kuJerusarema*

1 Zvino Joabhu mwanakomana waZeruya akaziva kuti mwoyo wa-
mambo wakanga woshuva Abhusaromu. 2 Saka Joabhu akatuma munhu
kuTekoa kuti andouya nomukadzi akanga akachenjera kubva ikoko.
Akati kwaari, “Ita somunhu ari pakuchema. Upfeke nguo dzokuchema
uye usazvizora mafuta. Uite somukadzi ava namazuva akawanda ari
pakuchema vakafa. 3 Ipapo ugoenda kuna mambo undotaura mashoko
aya kwaari.” Uye Joabhu akaisa mashoko mumuromo make.
4 Mukadzi akabva kuTekoa akati asvika kuna mambo, akawira pasi
nechiso chake, kuri kupa rukudzo, akati, “Ndibatsireiwo, nhai mambo!”
5 Mambo akamubvunza akati, “Watambudzwa neiko?”
Iye akati, “Zvirokwazvo ndiri chirikadzi; murume wangu akafa. 6 Zvino
ini muranda wenyu ndakanga ndina vanakomana vaviri. Vakarwa
vari vaviri musango, uye hapana aivapo kuti avarandutsire. Mumwe
akarova mumwe uye akamuuraya. 7 Zvino mhuri yose yamukira
murandakadzi wenyu. Vari kuti, ‘Tipei uyo akauraya munun’una wake,
kuti timuuraye nokuda kwoupenyu hwomunun’una wake waakauraya;
kunyange tichizobvisa mudyi wenhaka zvakare.’ Saka vachadzima zimbe

rangu rimwe ranga rasara, vakasasiyira murume wangu zita kana rudzi
panyika.”

8 Mambo akati kumukadzi, “Enda hako kumba kwako, ini ndicharayira
shoko pamusoro pako.”

9 Asi mukadzi weTekoa akati kwaari, “Ishe wangu mambo, mhosva
ngaive kwandiri nokuimba yababa vangu, uye mambo nechigaro chake
choushe ngazvirege kuva nemhosva.”

10 Mambo akapindura akati, “Kana munhu akataura chinhu kwauri, uya
naye kwandiri, haangozokunetsizve.”

11 Iye akati, “Naizvozvo mambo ngaataure naIshe Mwari wake kuti
mutsivi weropa arege kuramba achiparadza, kuti mwanakomana wangu
arege kuparadzwa.”

Mambo akati, “NaJehovha mupenyu, hapana ruvhudzi rumwe rwom-
wanakomana wako ruchawira pasi.”

12 Ipapo mukadzi uya akati, “Tenderai muranda wenyu kuti ataure
shoko kuna ishe mambo wangu.”

Iye akati, “Taura hako.”

13 Mukadzi uya ndokuti, “Zvino seiko makarongera vanhu vaMwari
zvakadai? Kana mambo vachitaura zvakadai, havasi kuzvipa mhosva
here, nokuti mambo havana kudzosa mwanakomana uya akambenge adz-
ingwa. 14 Semvura yadeukira pasi, isingazogoni kudyorerwa, saizvozvo
tinofanira kufa. Asi Mwari haaurayi munhu; pachinzvimbo chaizvozvo
anotoronga zano rokuti akadzingwa arege kuraswa zvachose naye.

15 “Zvino ini ndauya kuzotaura izvi kuna ishe mambo wangu nokuti
vanhu vandityisidzira. Murandakadzi wenyu akafunga akati, ‘Rega
ndinotaura namambo zvimwe vangaitira muranda wavo zvaanokumbira.
16 Zvimwe mambo vangabvuma kurwira murandakadzi wavo kubva
paruoko rwomunhu anotsvaka kuparadza zvose ini nomwanakomana
wangu kuti tirege kugara nhaka yatakapiwa naMwari.’

17 “Zvino murandakadzi wenyu anoti, ‘Ndinokumbira kuti shoko rashe
mambo wangu rindinyaradze, nokuti ishe wangu mambo akafanana
nomutumwa waMwari pakuziva zvakanaka nezvakaipa. Jehovha Mwari
wenyu ngaave nemi.’ ”

18 Ipapo mambo akati kumukadzi, “Usandivanzira hako shoko
randichakubvunza.”

Mukadzi akati, “Ishe mambo wangu ngavataure havo.”

19 Mambo akabvunza akati, “Ko, ruoko rwaJoabhu harusi kubatsirana
newe pazvinhu zvose izvi here?”

Mukadzi akapindura akati, “Noupenyu hwenyu, ishe wangu mambo,
hapana munhu angatendeukira kurudyi kana kuruboshwe kubva pane
zvinenge zvataurwa nashe mambo wangu. Ichokwadi, muranda wenyu
Joabhu ndiye andirayira kuti ndiite izvi uye ndiye aisa mashoko ose
aya mumuromo womurandakadzi wenyu. 20 Muranda wenyu Joabhu
akaita izvi kuti ashandure mamiriro ezvinhu. Ishe wangu ano uchenjeri
sehwomutumwa waMwari, anoziva zvose zvinoitika panyika.”

21 Mambo akati kuna Joabhu, “Zvakanaka chose, ndichaita saizvozvo.
Chienda, unouya nejaya Abhusaromu.”

22 Joabhu akawira pasi nechiso chake achipa rukudzo, uye akaropafadza
mambo. Joabhu akati, “Nhasi muranda wenyu aziva kuti awana nyasha
pamberi penyu, ishe wangu mambo, nokuti mambo aita zvandakumbira
ini muranda wake.”

[23] Saka Joabhu akaenda kuGeshuri akandouya naAbhusaromu ku-
Jerusarema. [24] Asi mambo akati, "Anofanira kuenda kuimba yake;
haafaniri kuona chiso changu." Saka Abhusaromu akaenda kumba kwake
akasaona chiso chamambo.
[25] MuIsraeri mose makanga musina murume airumbidzwa navanhu
nokuda kworunako rwake saAbhusaromu. Kubva kumusoro wake
kusvikira kutsoka dzake pakanga pasina panonzi apa pakaipa. [26] Pose
paaigurira bvudzi rake, aigurira bvudzi rake nguva nenguva parainge rava
kumuremera, airiyera, uye uremu hwaro hwaisvika mashekeri mazana
maviri* kana zvichierwa nechiereso chamambo.
[27] Abhusaromu akaberekerwa vanakomana vatatu nomwanasikana
mumwe chete. Zita romwanasikana rainzi Tamari, uye akanga ari
mukadzi akanaka pachiso.
[28] Abhusaromu akagara kwamakore maviri muJerusarema asina kum-
boona chiso chamambo. [29] Ipapo Abhusaromu akadana Joabhu kuti
amutume kuna mambo, asi akaramba kuenda kwaari. Saka akatumazve
shoko kechipiri, asi akaramba kuuya. [30] Ipapo akati kumuranda wake,
"Onaka, munda waJoabhu wakaganhurana nowangu, uye ane bhari
imomo. Enda unoupisa." Naizvozvo varanda vaAbhusaromu vakapisa
munda.
[31] Ipapo Joabhu akaenda kumba kwaAbhusaromu akandoti kwaari, "Ko,
varanda vako vapisirei munda wangu?"
[32] Abhusaromu akati kuna Joabhu, "Tarira, ndakatuma shoko kwauri
ndikati, 'Uya kuno kuti ndikutume kuna mambo unobvunza kuti, "Ko,
zvino ndakabvirei hangu kuGeshuri? Zvingadai zviri nani dai ndanga
ndichiriko zvangu!" ' Naizvozvo, ndinoda kuona chiso chamambo, uye
kana ndine mhosva yechimwe chinhu, ngavandiuraye havo."
[33] Saka Joabhu akaenda kuna mambo akandotaura saizvozvo. Ipapo
mambo akadana Abhusaromu, uye akauya akasvikokotamisa uso hwake
pasi pamberi pamambo. Uye Mambo akatsvoda Abhusaromu.

# 15

*Abhusaromu anomukira*
[1] Mushure mechinguva, Abhusaromu akazvigadzirira ngoro yamabhiza
navarume makumi mashanu kuti vamhanye mberi kwake. [2] Aimuka
mangwanani achindomira parutivi rwenzira yainanga pasuo reguta.
Paiti kana munhu akauya kuna mambo kuzotambirwa mhosva yake,
Abhusaromu aimudana oti kwaari, "Ko, iwe uri weguta ripi?" Iye
aipindura achiti, "Muranda wenyu anobva kuno rumwe rwamarudzi
avaIsraeri." [3] Ipapo Abhusaromu aizoti kwaari, "Tarira, mashoko ako
akanaka uye ndeechokwadi, asi hapana mumiririri wamambo anganzwe
nyaya yako." [4] Uye Abhusaromu aizoti, "Dai vaindiita zvavo mutongi
munyika muno! Zvaizoti munhu wose anenge ane chichemo kana nyaya
aizouya kwandiri uye ndaizoona kuti aitirwa zvakarurama."
[5] Zvaizotizve, kana munhu akaswedera kwaari akamupfugamira, Ab-
husaromu aimutambanudzira ruoko rwake, omubata uye omutsvoda.
[6] Abhusaromu aiitira izvi kuvaIsraeri vose vaiuya kuna mambo kuzo-
tambirwa mhosva dzavo, nokudaro akaita kuti varume vose vomuIsraeri
vamude.
[7] Mushure mamakore mana, Abhusaromu akati kuna mambo, "Ndi-
tenderei kuti ndiende kuHebhuroni ndinozadzisa mhiko yandakaita

* **14:26** 14:26 makirogiramu angaita 2.3

kuna Jehovha. 8 Muranda wenyu paakanga achigara paGeshuri
muAramu, ndakaita mhiko iyi, 'Kana Jehovha akandidzosera ku-
Jerusarema, ndichamunamata ndiri muHebhuroni.' "
9 Mambo akati kwaari, "Enda norugare." Iye akabva aenda kuHeb-
huroni.
10 Ipapo Abhusaromu akatuma nhume muchivande kumarudzi ose
avaIsraeri kundoti kwavari, "Kana muchinge manzwa hwamanda yarira,
ipapo daidzirai muchiti, 'Abhusaromu ava mambo muHebhuroni.' "
Varume mazana maviri vokuJerusarema vakanga vaperekedza Ab-
husaromu. 11 Vakanga vakokwa uye vakangoendawo vasina zvavaiziva,
vasina zvavaiziva pamusoro pezvakanga zvarongwa. 12 Abhusaromu
paakanga achipa zvipiriso akadanawo Ahitoferi muGiro, gurukota raD-
havhidhi, kuti auye kubva kuGiro, guta raaigara. Ipapo urongwa hwoku-
mukira mambo hwakabva hwasimba, uye vanhu vakatevera Abhusaromu
vakaramba vachiwanda.

### *Dhavhidhi anotiza*

13 Nhume yakauya ikaudza Dhavhidhi kuti, "Varume veIsraeri vatorwa
mwoyo naAbhusaromu."
14 Ipapo Dhavhidhi akati kumakurukota ake ose aiva naye mu-
Jerusarema, "Uyai! Ngatitizei, zvikasadaro tose hapana angapunyuka
kubva kuna Abhusaromu. Tinofanira kubva pano izvozvi, kana tikasadaro
angatibata akatiparadza uye akarwisa guta nomunondo."
15 Makurukota amambo akapindura akati, "Varanda venyu vakazvipira
kuita chipi nechipi chinenge chasarudzwa naishe mambo wedu."
16 Mambo akaenda, veimba yake vose vachimutevera; asi akasiya
varongo vake gumi kuti vachengete muzinda wamambo. 17 Saka mambo
akabuda akaenda, vanhu vose vakamutevera, vakandomira pane imwe
nzvimbo yaiva chinhambwe. 18 Vanhu vake vose vakapfuura pamberi
pake, pamwe chete navaKereti navaPereti vose, uye namazana matanhatu
ose avaGiti avo vakanga vabva naye kuGati, vakafamba vachipfuura
napamberi pamambo.
19 Mambo akati kuna Itai muGiti, "Ko, wauyireiwo nesu? Dzokera un-
ogara naMambo Abhusaromu. Uri mutorwa iwe, wakadzingwa kumusha
kwako. 20 Wakauya nezuro chaiye, zvino nhasi ndingaita kuti udzungaire
nesu here, uye ini ndisingazivi chaiko kwandinoenda? Dzokera, utore
hama dzako dzose. Ngoni nokutendeka ngazvive newe."
21 Asi Itai akapindura mambo akati, "Ndinopika naJehovha mupenyu,
uye ndinopika naishe wangu mambo mupenyu, pana ishe wangu mambo,
kunyange zvikareva upenyu kana kufa, ipapo muranda wenyu ndipo
paachava."
22 Dhavhidhi akati kuna Itai, "Enda hako, famba." Nokudaro Itai muGiti
navanhu vake nemhuri dzose dzaiva naye vakafamba vachienda mberi.
23 Nyika yose yakachema kwazvo vanhu vose pavakanga vachip-
fuura. Namambowo akayambuka mupata weKidhironi, uye vanhu vose
vakafamba vakananga kurenje.
24 Zadhoki akanga aripowo, uye vaRevhi vose vakanga vanaye vakanga
vakatakura areka yesungano yaMwari. Vakagadzika areka yaMwari pasi,
Abhiatari akapa zvipiriso kusvikira vanhu vose vabuda muguta.
25 Ipapo mambo akati kuna Zadhoki, "Dzosera areka yaMwari muguta.
Kana ndikawana nyasha pamberi paJehovha, achandidzosa uye achaita

kuti ndione zvakare panzvimbo paanogara. 26 Asi kana iye akati, 'Handifadzwi newe,' zvose ndakazvigadzirira; ngaandiitire hake zvaanenge achida."

27 Mambo akatizve kuna Zadhoki muprista, "Ko, hauzi muoni here? Dzokera muguta norugare, nomwanakomana wako Ahimaazi naJonatani mwanakomana waAbhiatari. Iwe naAbhiatari, endai navanakomana
venyu. 28 Ini ndichandomira pamazambuko erenje kusvikira shoko
rasvika kwandiri kubva kwamuri." 29 Ipapo Zadhoki naAbhiatari vakatora
areka yaMwari vakadzokera kuJerusarema vakandogarako.

30 Asi Dhavhidhi akaramba achikwira Gomo reMiorivhi, akaenda achichema: aiva akafukidza musoro wake asina shangu. Vanhu vose naivowo vakanga vakafukidza misoro yavo vachichema vachikwidza.
31 Zvino Dhavhidhi akaudzwa kuti, "Ahitoferi ndiye mumwe wavapanduki vana Abhusaromu." Saka Dhavhidhi akanamata achiti, "Haiwa Jehovha, shandurai henyu mazano aAhitoferi kuti ave upenzi."

32 Dhavhidhi paakasvika pamusoro, vanhu pavaisinamata Mwari vari, Hushai muAriki akanga akamumirira, nguo yake yakabvaruka uye ane
guruva mumusoro. 33 Dhavhidhi akati kwaari, "Kana iwe ukaenda
neni, uchava mutoro kwandiri. 34 Asi kana ukadzokera kuguta ukandoti kuna Abhusaromu, 'Ini ndichava muranda wenyu, imi mambo; ndaiva muranda wababa venyu kare, asi zvino ndichava muranda wenyu,' ipapo
ungandibatsira kuti ukanganise zano raAhitoferi. 35 Vaprista Zadhoki naAbhiatari vanenge vasiri pamwe chete newe here? Iwe uvaudze zvose
zvaunenge uchinzwa zvichirongwa mumuzinda wamambo. 36 Vana vavo
vaviri, Ahimaazi mwanakomana waZadhoki naJonatani mwanakomana waAbhiatari, varikowo. Uvatume kwandiri nezvose zvaunenge wanzwa."

37 Saka shamwari yaDhavhidhi, Hushai, akasvika kuJerusarema Abhusaromu paakanga achipinda muguta.

# 16

### *Dhavhidhi naZibha*

1 Dhavhidhi akati afamba chinhambwe chiduku pamusoro pegomo, akaona Zibha, muranda waMefibhosheti akamumirira. Akanga ane mbongoro mbiri dzakanga dzakatakudzwa mazana maviri ezvingwa, nezana ramakeke amaonde nedende rewaini.

2 Mambo akabvunza Zibha akati, "Ko, wauyirei nezvinhu izvi?"

Zibha akapindura akati, "Mbongoro ndedzeveimba yamambo kuti vatasve, zvingwa nemichero ndezvavarume kuti vadye, uye waini ndeyokupedza nyota yeavo vanga vaneta nokuda kwerenje."

3 Mambo akabvunza akati, "Ko, muzukuru watenzi wako aripi?"

Zibha akati kwaari, "Ari kugara muJerusarema, nokuti anoti iye, 'Nhasi veimba yaIsraeri vachandidzorera umambo hwasekuru vangu.' "

4 Ipapo mambo akati kuna Zibha, "Tarira, zvose zvanga zviri zvaMefibhosheti zvava zvako."

Zibha akati, "Ndinozvideredza. Dai ndawana nyasha pamberi penyu, ishe wangu mambo."

### *Shimei anotuka Dhavhidhi*

5 Mambo Dhavhidhi paakanga ava kusvika kuBhahurimi, mumwe murume aibva kurudzi rumwe chete nemhuri yaSauro akabudamo. Zita rake
ainzi Shimei mwanakomana waGera, uye aituka paaibuda. 6 Akapotsera
mabwe kuna Dhavhidhi namakurukota ose amambo, kunyange zvazvo

varwi vose navachengeti vake vakanga vari kurudyi nokuruboshwe
rwake. 7 Shimei akatuka achiti, "Ibva kuno, ibva kuno, iwe munhu
weropa, munhu akaipa! 8 Jehovha akuripira ropa rose rawakadeura
muimba yaSauro, uyo wawakatorera chigaro chokutonga. Jehovha apa
ushe kumwanakomana wako Abhusaromu. Wasvika pakuparara nokuti
uri munhu weropa!"

9 Ipapo Abhishai mwanakomana waZeruya akati kuna mambo, "Ko,
iyi imbwa yakafa ingatukirei ishe mambo wangu? Regai ndiende
ndinodimura musoro wake."

10 Asi mambo akati, "Ko, ini nemi takafanana pakudii, imi vanakomana
vaZeruya? Ko, kana achituka nokuti Jehovha ati kwaari, 'Tuka Dhavhidhi,'
ndiani angati, 'Ko, unoitirei izvi?' "

11 Ipapo Dhavhidhi akati kuna Abhishai namakorokota ake ose, "Mwana
wangu, anova wenyama yangu chaiyo, ari kuda kundiuraya. Ko, kuzoti
uyu zvake, muBhenjamini! Musiyei akadaro; regai atuke, nokuti Jehovha
amutuma. 12 Zvichida Jehovha angaona kutambura kwangu uye zvimwe
angandiripira zvakanaka nokuda kwokutukwa kwandiri kugamuchira
nhasi."

13 Ipapo Dhavhidhi navanhu vake vakaramba vachifamba nenzira,
Shimei paakanga achifamba ari kuno rumwe rutivi rwegomo, achituka
achingoenda achipotsera matombo kwaari achimupfumburira guruva.
14 Mambo navanhu vose vaiva naye vakasvika kwavaienda vaneta.
Akazororapo.

### *Zano raHushai naAhitoferi*

15 Panguva iyi, Abhusaromu navarume vose veIsraeri vakasvika mu-
Jerusarema, uye Ahitoferi aiva naye. 16 Zvino Hushai muAriki, shamwari
yaDhavhidhi, akaenda kuna Abhusaromu akandoti kwaari, "Mambo
ngaararame nokusingaperi! Mambo ngaararame nokusingaperi!"

17 Abhusaromu akabvunza Hushai akati, "Urwu ndirwo rudo rwauno-
ratidza shamwari yako here? Sei usina kuenda neshamwari yako?"

18 Hushai akati kuna Abhusaromu, "Kwete, iye akasarudzwa naJehovha,
navanhu ava uye navarume vose veIsraeri, ini ndichava wake, uye
ndicharamba ndinaye. 19 Zvakarezve, ndingagoshandira aniko? Ko,
handifaniri kushandira mwanakomana? Sezvandaishandira baba venyu,
saizvozvo ndichakushandirai."

20 Abhusaromu akati kuna Ahitoferi, "Tipewo zano rako. Toita sei?"

21 Ahitoferi akapindura akati, "Vatai navarongo vababa venyu avo
vakasiyiwa vakachengeta muzinda wamambo. Ipapo Israeri yose
ichanzwa kuti mazviita chinhu chinonhuhwa mumhuno dzababa venyu,
uye maoko avanhu vose vanokutsigirai achasimbiswa." 22 Ipapo
vakamisira Abhusaromu tende pamusoro pedenga remba, uye akavata
navarongo vababa vake vaIsraeri vose vachiona.

23 Zvino mumazuva iwayo zano raipiwa naAhitoferi raiita seromunhu
anobvunza kuna Mwari. Ndizvozvo zvaifungwa naDhavhidhi pamwe
chete naAbhusaromu pamusoro pamazano aipiwa naAhitoferi.

## 17

1 Ahitoferi akati kuna Abhusaromu, "Regai ndisarudze varume zviuru
gumi nezviviri ndigosimuka usiku huno nditevere Dhavhidhi. 2 Uye
ndichamurwisa achakaneta uye asina simba. Ndichamutyisidzira, uye
ipapo vanhu vose vaanavo vachatiza. Ndichauraya mambo chete.

3 Ndichadzosera vanhu vose kwamuri. Kufa kwomunhu wamunotsvaka
kuchareva kudzoka kwavose; ipapo vanhu vose vachava norugare."
4 Shoko iri rakafadza Abhusaromu navakuru vose veIsraeri.

5 Asi Abhusaromu akati, "Danaiwo Hushai muAriki, kuti tigonzwa kuti
anoti kudii." 6 Hushai akati asvika kwaari, Abhusaromu akati, "Ahitoferi
apa zano iri. Toita zvaareva here? Kana zvisizvo, tipewo pfungwa yako."

7 Hushai akapindura Abhusaromu akati, "Zano ramapiwa naAhitoferi
harina kunaka panguva ino. 8 Munoziva baba venyu navanhu vavo; varwi,
uye vanotyisa kunge bere rabvutirwa vana varo. Pamusoro pezvo, baba
venyu murwi ano ruzivo; havangavati namauto usiku. 9 Kunyange izvozvi
vakavanda mubako kana pane imwe nzvimbo. Kana vakatanga kurwa
navarwi venyu, ani naani anonzwa nezvazvo achati, 'Pakati pavarwi
vanotevera Abhusaromu paurayiwa vanhu.' 10 Ipapo kunyange murwi
akashinga kwazvo, ane mwoyo wakaita soweshumba, achati rukutu
nokutya, nokuti vaIsraeri vose vanoziva kuti baba venyu murwi uye kuti
vose vavanavo vakashinga.

11 "Saka zano rangu nderiri: VaIsraeri vose, kubva kuDhani kusvikira
kuBheerishebha, vakawanda sejecha rokumhenderekedzo dzegungwa,
ngavaungane kwamuri, iyemi pachenyu muchivatungamirira kundorwa.
12 Ipapo tichavarwisa kwose kwavanenge vari, uye tichawira paari sedova
rinowira pasi. Hakuna kana mumwe wavo zvake achasara ari mupenyu.
13 Kana akadzokera muguta, ipapo vaIsraeri vose vachauya namabote
kuguta iroro, uye ticharizvuzvurudzira pasi kumupata kusvikira pasisina
kunyange nechimedu charo chingawanikwa."

14 Abhusaromu navarume vose veIsraeri vakati, "Zano raHushai
muAriki riri nani pane raAhitoferi." Nokuti Jehovha aida kukonesa zano
rakanaka raAhitoferi kuitira kuti auyise njodzi pamusoro paAbhusaromu.

15 Ipapo Hushai akati kuna Zadhoki naAbhiatari, vaprista, "Ahitoferi
arayira Abhusaromu navakuru veIsraeri kuti vaite ichi nechocho. 16 Zvino
chituma shoko nokukurumidza uye uudze Dhavhidhi kuti, 'Musavata
pamazambuko omurenje usiku huno; yambukai musamborega, nokuti
mambo navanhu vose vaanavo vangamedzwa.' "

17 Jonatani naAhimaazi vakanga vachigara paEni Rogeri uye mumwe
murandakadzi ndiye aifanira kundovazivisa, uye ivo vachienda kun-
doudza Mambo Dhavhidhi, nokuti havazaifanira kuonekwa vachipinda
muguta. 18 Asi mumwe mujaya akavaona ndokubva andoudza Ab-
husaromu. Saka vaviri ava vakabva nokukurumidza vakaenda kumba
yomumwe murume aiva muBhahurimi. Akanga ane tsime muruvazhe,
uye vakapinda mariri. 19 Mukadzi wake akatora chifukidzo akachiwaridza
pamusoro pomuromo wetsime uye akayanika zviyo pamusoro pacho.
Hakuna akaziva chinhu pamusoro pazvo.

20 Varume vokwaAbhusaromu vakati vasvika kumukadzi akanga ari
pamba, vakabvunza vakati, "VanaAhimaazi naJonatani varipi?"

Mukadzi akati kwavari, "Vayambuka rukova." Varume vakatsvaka asi
havana munhu wavakawana, saka vakadzokera kuJerusarema.

21 Shure kwokunge varume ava vaenda, vaviri vaya vakakwira vak-
abuda mutsime uye vakaenda kundozivisa Mambo Dhavhidhi izvozvo.
Vakati kwaari, "Simukai izvozvi muyambuke rwizi urwu; Ahitoferi apa
zano rokuti nerokuti pamusoro penyu." 22 Saka Dhavhidhi navanhu vose
vakanga vanaye vakasimuka vakayambuka Jorodhani. Kuchiedza, hapana
akanga asara asati ayambuka Jorodhani.

23 Ahitoferi akati aona kuti zano rake rakanga risina kutevedzwa,
akaisa chigaro pambongoro yake akaenda kumba kwake muguta rokwake.
Akaronga zvose zveimba yake ndokubva azvisungirira. Saka akafa uye
akavigwa muhwiro rababa vake.
24 Dhavhidhi akaenda kuMahanaimi, uye Abhusaromu akayambuka
Jorodhani navarume vose veIsraeri. 25 Abhusaromu akanga agadza
Amasa kuti ave mutungamiri wehondo pachinzvimbo chaJoabhu. Amasa
akanga ari mwanakomana womumwe murume ainzi Jeteri, muIsraeri
akanga awana Abhigairi, mwanasikana waNahashi uye ari munun'una
waZeruya mai vaJoabhu. 26 VaIsraeri naAbhusaromu vakadzika misasa
yavo munyika yeGireadhi.
27 Dhavhidhi akati asvika kuMahanaimi, Shobhi mwanakomana waNa-
hashi aibva kuRabha ravaAmoni, naMakiri mwanakomana waAmieri
weRo Dhebha, uye Bhazirai muGireadhi wokuRogerimi 28 vakauya nenhoo
nembiya nemidziyo yevhu. Vakauyawo negorosi nebhari, upfu hwakatset-
seka nezviyo zvakakangwa, nyimo nenyemba, 29 uchi namafuta, makwai
uye noruomba rwaibva mumukaka wemhou, kuti Dhavhidhi navanhu
vake vadye. Nokuti vakati, "Vanhu vava nenzara, vaneta uye vava nenyota
murenje."

# 18

*Kufa kwaAbhusaromu*

1 Dhavhidhi akaunganidza varume vakanga vanaye uye akagadza pamu-
soro pavo vatungamiri vezviuru navatungamiri vamazana. 2 Dhavhidhi
akatumira varwi achiita kudai: chikamu chimwe chete kubva muzvitatu
chavo chichitungamirirwa naJoabhu, chimwe chikamu chimwe chete
kubva muzvitatu chichitungamirirwa nomunun'una waJoabhu ainzi Ab-
hishai mwanakomana waZeruya, uye chikamu chimwe chete kubva
muzvitatuzve chichitungamirirwa naItai muGiti. Mambo akataurira
vanhu kuti, "Zvirokwazvo neni pachangu ndichafamba nemi."
3 Asi vanhu vakati, "Imi hamufaniri kuenda; kana tikamanikidzirwa
kutiza, havambovi nehanya nesu. Kunyange kana hafu yedu ikafa,
havambovi nehanya; asi imi munokosha sesu tiri zviuru gumi. Zvingava
nani zvino kuti imi mutitsigire muri muguta."
4 Mambo akati, "Ndichaita zvose zvamunoona zvakakunakirai."
Saka mambo akamira parutivi rwesuo pakanga pachifamba varume
vose vachibuda namapoka amazana neezviuru. 5 Mambo akarayira
Joabhu, Abhishai naItai akati, "Munzwire henyu jaya nyasha, iye Ab-
husaromu nokuda kwangu."
6 Varwi vakafamba vachipinda musango kuti vandorwa navaIsraeri,
uye hondo yakarwiwa mudondo raEfuremu. 7 Imomo hondo yeIsraeri
yakakundwa navanhu vaDhavhidhi, uye pakava nokufa kukuru zuva
iroro, varume zviuru makumi maviri vakafa. 8 Kurwa kwakapararira
panyika yose, uye dondo rakauraya vanhu vazhinji pazuva iro kukunda
munondo.
9 Zvino zvakaitika kuti Abhusaromu akasangana navanhu vaDhavhidhi.
Akanga akatasva nyurusi rake, uye nyurusi parakapinda napasi pamatavi
makobvu omuti mukuru womuouki, musoro waAbhusaromu wakabatwa
mumuti. Akasiyiwa akarembera mudenga, nyurusi raakanga akatasva
rikaramba richienda.
10 Mumwe wavarume akati aona izvi, akati kuna Joabhu, "Ndaona
Abhusaromu akarembera mumuti womuouki."

11 Joabhu akati kumurume akanga amuudza izvozvo, "Watii? Wa-
muona? Seiko usina kumubayira pasi pakare ipapo? Ipapo ndingadai
ndazokupa mashekeri gumi* esirivha nebhanhire romurwi."
12 Asi murume uyu akati, "Kunyange dai chiuru chamashekeri†
chakanga chayerwa mumaoko angu, handaigona kusimudzira mwanako-
mana wamambo ruoko rwangu kuti ndimuuraye. Mambo akakurayirai
imi, Abhishai naItai isu tichizvinzwa achiti, 'Mudzivirire jaya Abhusaromu
nokuda kwangu.' 13 Uye kana dai ndanga ndaisa upenyu hwangu panjodzi,
uye hapana chakavanzika kuna mambo, imi maizomira kure neni."
14 Joabhu akati, "Handinganonoki kudai nokuda kwako." Saka akatora
mapfumo matatu mumaoko ake akaanyudza mumwoyo maAbhusaromu,
uye Abhusaromu achiri mupenyu mumuti womuouki. 15 Uye vatakuri
venhumbi dzokurwa nadzo dzaJoabhu gumi vakakomba Abhusaromu,
vakamubaya, vakamuuraya.
16 Ipapo Joabhu akaridza hwamanda, uye varwi vakarega kutevera
vaIsraeri, nokuti Joabhu akavamisa. 17 Vakatora Abhusaromu vaka-
mukanda mugomba guru raiva mudondo vakatutira murwi mukuru
wamatombo pamusoro pake. Zvichakadaro, vaIsraeri vose vakatiza
vakaenda kudzimba dzavo.
18 Panguva youpenyu hwake, Abhusaromu akanga atora mbiru akaimisa
muMupata waMambo sechirangaridzo kwaari, nokuti akafunga akati,
"Handina mwanakomana angayeuchidza vanhu zita rangu." Akatumidza
mbiru iyo zita rake, uye inonzi Mbiru Yokuyeuka Abhusaromu kusvikira
nhasi.

*Dhavhidhi anochema Abhusaromu*

19 Zvino Ahimaazi mwanakomana waZadhoki akati, "Regai ndimhanye
neshoko kuna mambo rokuti Jehovha amurwira kubva muruoko
rwavavengi vake."
20 Joabhu akati, "Hausiwe unoenda neshoko nhasi. Ungaenda hako
neshoko pane dzimwe nguva, asi haufaniri kuita izvozvo nhasi, nokuti
mwanakomana wamambo afa."
21 Ipapo Joabhu akati kumuEtiopia, "Chienda undoudza mambo
zvawaona." MuEtiopia akakotama pamberi paJoabhu uye akamhanya
achibvapo.
22 Ahimaazi mwanakomana waZadhoki akatizve kuna Joabhu, "Kun-
yange zvakadaro hazvo, ndapota regai ndimhanye nditevere muEtiopia."
Asi Joabhu akapindura akati, "Mwanakomana wangu, unodireiko
kuenda? Hauna kana shoko richakupa mubayiro."
23 Iye akati, "Kunyange zvakadaro hazvo, ndinoda kumhanya ini."
Saka Joabhu akati, "Mhanya!" Ipapo Ahimaazi akamhanya nomunzira
yomubani akasiya muEtiopia.
24 Dhavhidhi paakanga agere pakati pamasuo maviri, murindi akakwira
pamusoro pedenga resuo reparusvingo. Akati atarisa kunze, akaona
murume achimhanya ari oga. 25 Murindi akadanidzira kuna mambo
akamuzivisa izvozvo.
Mambo akati, "Kana ari oga, anofanira kunge ane shoko rakanaka." Uye
murume akaramba achingoswedera.
26 Ipapo murindi akaonazve mumwe murume achimhanya,
akadanidzira kumutariri wesuo akati, "Tarira mumwe ari kumhanya
ari oga!"

* **18:11** 18:11 magiramu angaita 115 † **18:12** 18:12 makirogiramu angaita 11

Mambo akati, “Anofanira kunge achiuyawo neshoko rakanaka.”
27 Murindi akati, “Ndinoona sokuti wokutanga anomhanya saAhimaazi
mwanakomana waZadhoki.”
Mambo akati, “Munhu akanaka iyeye. Ari kuuya namashoko akanaka.”
28 Ipapo Ahimaazi akadanidzira kuna mambo achiti, “Rugare!” Akako-
tama pamberi pamambo akatsikitsira uso hwake pasi akati, “Jehovha
Mwari wenyu ngaarumbidzwe! Akaisa kwamuri varume vakanga
vachisimudzira maoko avo kuti varwe naishe wangu mambo.”
29 Mambo akabvunza akati, “Ko, jaya Abhusaromu mupenyu here?”
Ahimaazi akati, “Ndakaona kunyongana kukuru panguva iyo Joabhu
akanga oda kutuma muranda wamambo uye neni, muranda wenyu, asi
handina kuziva kuti chaiva chii.”
30 Mambo akati, “Mira parutivi uye usabva pano.” Saka akasudurukira
parutivi ndokumirapo.
31 Ipapo muEtiopia akasvika akati, “Ishe wangu mambo, inzwai
mashoko akanaka! Jehovha akurwirai nhasi kuna vose vakakumukirai.”
32 Mambo akabvunza muEtiopia akati, “Ko, mujaya Abhusaromu mu-
penyu here?”
MuEtiopia akapindura achiti, “Vavengi vashe wangu mambo navose
vanokumukirai kuti vakukuvadzei ngavave sejaya iro.”
33 Mambo akadedera. Akakwira kukamuri yakanga iri pamusoro pesuo
akachema. Paaifamba aiti, “Haiwa mwanakomana wangu Abhusaromu!
Mwanakomana wangu, mwanakomana wangu Abhusaromu! Dai chete
ndafa hangu ini pachinzvimbo chako! Haiwa Abhusaromu, mwanako-
mana wangu, mwanakomana wangu!”

# 19

1 Joabhu akaudzwa kuti, “Mambo anochema nokuungudza nokuda
kwaAbhusaromu.” 2 Uye kuhondo yose, kukunda kwezuva iro kwakashan-
durwa kukava kuchema, nokuti pazuva iro, mauto akazvinzwa zvich-
inzi, “Mambo anochema nokuda kwomwanakomana wake.” 3 Varume
vakapinda muguta vachiverevedza savanhu vanoverevedza vachinyara
nokuti vatiza kubva kuhondo. 4 Mambo akafukidza chiso chake akachema
zvikuru achiti, “Haiwa mwanakomana wangu Abhusaromu! Haiwa
Abhusaromu, mwanakomana wangu, mwanakomana wangu!”
5 Ipapo Joabhu akapinda mumba kuna mambo akati, “Nhasi manyadzisa
vanhu vose, avo vachangoponesa upenyu hwenyu noupenyu hwavanako-
mana navanasikana venyu uye noupenyu hwavakadzi venyu navarongo
venyu. 6 Munoda avo vanokuvengai uye munovenga avo vanokudai.
Mazviratidza pachena nhasi kuti vatungamiri vehondo navanhu vavo
havarevi chinhu kwamuri. Ndinoona kuti maifarira kuti dai Abhusaromu
ararama nhasi uye kuti dai tose zvedu tafa. 7 Zvino budai munokurudzira
vanhu venyu. Ndinopika naJehovha kuti kana mukasabuda, hakuna
munhu achasara nemi usiku huno. Zvichava zvakaipisisa kwamuri
kupinda njodzi dzose dzakakuwirai kubva pauduku hwenyu kusvikira
zvino.”
8 Saka mambo akasimuka akandoisa chigaro chake pasuo. Vanhu vakati
vaudzwa kuti, “Mambo agere pasuo,” vose vakauya pamberi pake.

### *Dhavhidhi anodzokera kuJerusarema*

Zvichakadaro, vaIsraeri vakanga vatizira kumisha yavo. 9 Mumarudzi
ose avaIsraeri, vanhu vose vakanga vachikakavadzana vachiti, “Mambo
akatisunungura kubva muruoko rwavaFiristia. Asi zvino atiza nyika

nokuda kwaAbhusaromu; 10 uye Abhusaromu, uyo watakazodza kuti
atitonge, afa muhondo. Saka munoregereiko kutaura nezvokudzosa
mambo?"
11 Mambo Dhavhidhi akatuma shoko naZadhoki naAbhiatari, vaprista
achiti, "Bvunzai vakuru veJudha kuti, 'Seiko imi mava vokupedzisira
kudzosa mambo kumuzinda wake, sezvo zvinotaurwa muIsraeri yose
zvasvika pamba pake. 12 Imi muri hama dzangu, muri venyama
yangu chaivo uye veropa rangu. Saka maitireiko vokupedzisira kudzosa
mambo?' 13 Uye muti kuna Amasa, 'Ko, iwe hauzi wenyama yangu uye
weropa rangu here? Mwari ngaandirove, ngaarambe achidaro kwazvo,
kana kubva zvino zvichienda mberi, iwe ukarega kuva mukuru wehondo
yangu panzvimbo yaJoabhu.' "
14 Akabata mwoyo yavarume vose veJudha vakaita sokunge vaiva
munhu mumwe. Vakatuma shoko kuna mambo vachiti, "Dzokai, imi
navanhu venyu mose." 15 Ipapo mambo akadzoka akasvika paJorodhani.
Zvino vanhu veJudha vakanga vasvika kuGirigari kuti vaende kundosan-
gana namambo vagomuyambutsa Jorodhani. 16 Shimei mwanakomana
waGera, muBhenjamini aibva kuBhahurimi, akakurumidza kuburuka
navanhu veJudha kuti vandosangana naMambo Dhavhidhi. 17 Akanga
ane vaBhenjamini vaisvika chiuru, pamwe chete naZibha, mutariri
weimba yaSauro, uye navanakomana vake gumi navashanu navaranda
vake makumi maviri. Vakamhanyira kuJorodhani uko kwakanga kwava
namambo. 18 Vakayambuka rukova kuti vandotora veimba yamambo uye
kuti vaite zvose zvaaida.
Shimei mwanakomana waGera akati ayambuka Jorodhani, akawira pasi
nechiso chake pamberi pamambo 19 akati kwaari, "Ishe wangu ngaarege
kundipa mhaka. Regai henyu kurangarira kukanganisa kwakaitwa
nomuranda wenyu pazuva rakabva ishe wangu mambo paJerusarema.
Mambo ngaazvidzime mundangariro dzake. 20 Nokuti ini muranda
wenyu ndinozviziva kuti ndakatadza, asi nhasi ndauya pano sewokutanga
weimba yose yaJosefa kuti ndiburuke ndizosangana naishe wangu iye
mambo."
21 Ipapo Abhishai mwanakomana waZeruya akati, "Ko, Shimei haafaniri
kuurayiwa nokuda kwaizvozvi here? Akatuka muzodziwa waJehovha."
22 Dhavhidhi akapindura akati, "Ndineiko nemi, imi vanakomana
vaZeruya zvokuti nhasi mava vavengi vangu! Pane munhu angafanira
kufa muIsraeri nhasi here? Ko, handizivi here kuti nhasi ndiri mambo
weIsraeri?" 23 Saka mambo akati kuna Shimei, "Haungafi." Uye mambo
akamuvimbisa nemhiko.
24 Mefibhosheti muzukuru waSauro, akaburukawo kundosangana na-
mambo. Haana kuva nehanya netsoka dzake kana kuguririra ndebvu
dzake kana kusuka nguo dzake kubvira pazuva rakasimuka mambo
kusvikira pazuva raakadzoka ari mupenyu. 25 Paakasvika achibva
kuJerusarema achindosangana namambo, mambo akamubvunza akati,
"Wakaregereiko kuenda neni, Mefibhosheti?"
26 Iye akati, "Ishe wangu mambo, sezvo ini muranda wenyu ndiri
chirema, ndakati, 'Ndichaita kuti mbongoro yangu igadzikwe chigaro
uye ndigoitasva, kuti ndigoenda namambo.' Asi Zibha muranda wangu
akandipandukira. 27 Uye akandorevera nhema muranda wenyu kuna
ishe wangu mambo. Ishe wangu mambo akaita somutumwa waMwari;
saka itai henyu zvinokufadzai. 28 Zvizvarwa zvose zvasekuru vangu
hazvifanirwi nechimwe chinhu asi rufu ruchibva kuna she wangu mambo,

asi makapa muranda wenyu nzvimbo pakati paavo vanodya patafura yenyu. Saka ini ndine mvumo yeiko yokukumbirazve kuna mambo?”

29 Mambo akati kwaari, “Uchataurireiko zvakawanda? Ndinokurayira iwe naZibha kuti mugovane minda.”

30 Mefibhosheti akati kuna mambo, “Ngaatore hake zvinhu zvose, sezvo zvino ishe wangu mambo asvika kumusha ari mupenyu.”

31 Bhazirai muGireadhi akasvikawo achibva kuRogerimi kuti ayambuke
Jorodhani namambo uye kuti amuperekedze panzira yake ikoko. 32 Zvino
Bhazirai akanga akwegura kwazvo, ava namakore makumi masere.
Akanga achiriritira mambo panguva yaakanga agere paMahanaimi,
nokuti akanga ari munhu akapfuma kwazvo. 33 Mambo akati kuna
Bhazirai, “Yambuka pamwe chete neni ugogara neni muJerusarema, uye ini ndichakuriritira.”

34 Asi Bhazirai akapindura mambo akati, “Makore manganiko
andichararama, zvokuti ndingafanira kukwidza kuJerusarema namambo?
35 Ndava namakore makumi masere. Ndichagona kuziva mutsauko pakati
pechakanaka nechisina kunaka here? Ko, muranda wenyu achagona
kuravira chaanodya nechaanonwa here? Ko, ndichagona kunzwa manzwi
avarume navakadzi vanoimba here? Muranda wenyu achaitireiko kuti
ave mumwe mutoro kuna ishe wangu mambo? 36 Muranda wenyu
achayambuka Jorodhani namambo kwenhambwe pfupi, asi mambo
anondipireiko mubayiro wakadai? 37 Regai muranda wenyu adzokere
hake, kuti ndinofira muguta rangu pedyo nehwiro hwababa vangu namai vangu. Asi hoyu muranda wangu Kimihami. Ngaayambuke hake naishe iye mambo. Mumuitire henyu zvose zvinokufadzai.”

38 Mambo akati, “Kimihami achayambuka neni, uye ndichamuitira zvose zvinokufadza. Uye zvose zvaunoda kwandiri ndichakuitira.”

39 Saka vanhu vose vakayambuka Jorodhani, uye ipapo mambo akazoyambukawo. Mambo akatsvoda Bhazirai akamuropafadza, uye Bhazirai akadzokera kumba kwake.

40 Mambo akati ayambukira kuGirigari, Kimihami akayambuka naye. Mauto ose eJudha nehafu yavarwi veIsraeri vakanga vayambutsa mambo.

41 Uye varume vose veIsraeri vakauya kuna mambo vakati kwaari, “Hama dzedu, varume veJudha, vakabireiko mambo vakamuuyisa neimba yake mhiri kweJorodhani, pamwe chete navanhu vake vose?”

42 Varume vose veJudha vakapindura varume veIsraeri vachiti, “Takaita izvi nokuti mambo ihama yedu yapedyo. Seiko imi matsamwiswa nazvo? Tambodya here zvinhu zvamambo? Tambozvitorera kana chinhu chimwe chete here?”

43 Ipapo varume veIsraeri vakapindura varume veJudha vakati, “Tine migove gumi muna mambo; uye zvisiri izvozvo chete, Dhavhidhi ndowedu kukunda imi. Saka seiko imi muchitizvidza? Ko, hatizisu takatanga kutaura kuti mambo adzoke here?”

Asi varume veJudha vakapindura nehasha kwazvo kupfuura varume veIsraeri.

# 20

*Shebha anomukira Dhavhidhi*

1 Zvino nhubu yainzi Shebha mwanakomana waBhikiri, muBhenjamini, aivapowo. Akaridza hwamanda akadanidzira achiti,

“Isu hatina mugove muna Dhavhidhi,
hatina chikamu mumwanakomana waJese!

Munhu wose ngaaende kutende rake, imi vaIsraeri!”

2 Saka varume vose veIsraeri vakasiya Dhavhidhi kuti vatevere Shebha
mwanakomana waBhikiri. Asi varume veJudha vakagara namambo wavo
kubva kuJorodhani kusvikira kuJerusarema.

3 Dhavhidhi akati adzokera kumuzinda wake muJerusarema, akatora varongo vake gumi vaakanga asiya kuti vachengete muzinda
akavaisa mumba vakachengetwa. Akavariritira asi haana kuvata navo.
Vakanga vakachengetwa kusvikira pazuva rokufa kwavo, vachirarama
sechirikadzi.

4 Ipapo mambo akati kuna Amasa, “Dana varume veJudha vauye
kwandiri pakati pamazuva matatu, uye newe uve pano.” 5 Asi Amasa akati
aenda kundodana Judha, akatora nguva yakareba kupfuura yaakanga
atarirwa namambo.

6 Dhavhidhi akati kuna Abhishai, “Zvino Shebha mwanakomana
waBhikiri achatiitira zvakaipa kupfuura zvakaitwa naAbhusaromu.
Tora varanda vatenzi wako umutevere, zvimwe angawana maguta
akakomberedzwa uye akatipunyuka.” 7 Saka vanhu vaJoabhu, vaKereti, vaPereti nemhare dzose vakabuda vachitungamirirwa naAbhishai.
Vakafamba vachibva kuJerusarema vachitevera Shebha mwanakomana
waBhikiri.

8 Vakati vari padombo guru muGibheoni, Amasa akauya kuzosangana
navo. Joabhu akanga akapfeka nguo yake yokurwa, uye pairi paiva nebhanhire rakasungirwa pachiuno chake rine munondo waiva mumuhara
wawo. Zvino akati achienda mberi, wakadonha kubva mumuhara wawo.

9 Joabhu akati kuna Amasa, “Wakadiniko, mununʼuna wangu?”
Ipapo Joabhu akabata ndebvu dzaAmasa noruoko rwake rworudyi kuti
amutsvode. 10 Amasa akanga asina kuona munondo waiva muruoko
rwaJoabhu, uye Joabhu akaunyudza mudumbu make, uye ura hwake
hukawira pasi. Asina kunge abayiwazve, Amasa akafa. Ipapo Joabhu
nomununʼuna wake vakatevera Shebha mwanakomana waBhikiri.

11 Mumwe wavanhu vaJoabhu akamira parutivi rwaAmasa akati, “Ani
naani anoda Joabhu, uye ani naani ari waDhavhidhi, ngaatevere Joabhu!”
12 Amasa akavata achiumburuka muropa rake pakati pomugwagwa. Uye
mumwe murume akaona kuti mauto ose aiuya achimira ipapo. Paakaona
kuti munhu wose aisvika pana Amasa aimira, akamukweva kubva mumugwagwa akamuisa musango, akakanda nguo pamusoro pake. 13 Shure
kwokunge Amasa abviswa mumugwagwa, varume vose vakapfuurira
mberi naJoabhu vachitevera Shebha mwanakomana waBhikiri.

14 Shebha akapfuura nomumarudzi ose aIsraeri kusvikira kuAbheri
Bheti Maaka uye nomudunhu rose ravaBheri, uye vakaungana pamwe
chete vakamutevera. 15 Vakauya vakamukomba paShebha muAbheri
Bheti Maaka. Vakavaka rusvingo rwevhu rukasvika kuguta, uye
rwakamira rwakatarisana nenhare dzokunze. Pavakanga vachiputsa
rusvingo, 16 mukadzi akangwara akadanidzira ari muguta akati, “Inzwai!
Inzwai! Taurirai Joabhu kuti auye pano kuti ndigotaura naye.” 17 Akaenda
kwaari, iye akamubvunza akati, “Ndiwe Joabhu here?”

Akapindura akati, “Ndini.”

Mukadzi akati, “Teererai zvinoreva murandakadzi wenyu.”

Iye akati, “Ndakateerera.”

18 Mukadzi akaenderera achiti, “Kare kare vaisimboti, ‘Tora mhinduro
yako paAbheri,’ uye zvaipera ipapo. 19 Isu tiri vorugare navakatendeka

muIsraeri. Uri kuedza kuparadza guta rinova ndiro mai muIsraeri. Seiko uchida kumedza nhaka yaJehovha?”

20 Joabhu akati, “Ngazvive kure neni! Ngazvive kure neni kuti ndimedze
kana kuparadza! 21 Hazvina kudaro. Asi murume anonzi Shebha
mwanakomana waBhikiri, anobva kunyika yamakomo yaEfuremu, ndiye akasimudza ruoko rwake kuti arwise mambo, kuti arwise Dhavhidhi. Uyai nomurume mumwe chete iyeye, ipapo ndichabva paguta.”

Mukadzi akati kuna Joabhu, “Musoro wake uchakandwa kwauri naparusvingo.”

22 Ipapo mukadzi akaenda kuvanhu vose nezano rake, vakagura musoro waShebha mwanakomana waBhikiri vakaukanda kuna Joabhu. Saka Joabhu akaridza hwamanda, vanhu vake vakapararira vachibva paguta, mumwe nomumwe achidzokera kumba kwake. Uye Joabhu akadzokera kuna mambo muJerusarema.

23 Joabhu akanga ari mukuru wehondo yose yeIsraeri;
Bhenaya mwanakomana waJehoyadha akanga ari mukuru wavaKereti navaPareti;
24 Adhoniramu akanga ari mutariri wavashandi vechibharo;
Jehoshafati mwanakomana waAhirudhi akanga ari munyori wenhoroondo;
25 Shevha akanga ari munyori;
Zadhoki naAbhiatari vaiva vaprista;
26 uye Ira muJairi aiva muprista waDhavhidhi.

# 21

*VaGibheoni vanotsivirwa*

1 Panguva yokutonga kwaDhavhidhi, kwakava nenzara makore matatu achiteverana; saka Dhavhidhi akatsvaka chiso chaJehovha. Jehovha akati, “Imhaka yaSauro neimba yake yeropa; imhaka yokuti akauraya vaGibheoni.”

2 Mambo akadana vaGibheoni akataura navo. (Zvino vaGibheoni vakanga vasiri vorudzi rwavaIsraeri asi vakanga vari vakasara vavaAmori; vakanga vapikirwa navaIsraeri kuti vasaurayiwe, asi Sauro mukushingaira kwake nokuda kwavaIsraeri navaJudha akaedza kuva-
paradza.) 3 Dhavhidhi akabvunza vaGibheoni akati, “Ndingakuitirai chiiko? Ndingayananisa neiko kuitira kuti mugoropafadza nhaka yaJehovha?”

4 VaGibheoni vakamupindura vachiti, “Hatina kodzero yokureva sirivha negoridhe kuna Sauro kana kumhuri yake, uye hatina kodzero yokuuraya munhu muIsraeri.”

Dhavhidhi akati, “Munoda kuti ndikuitireiko?”

5 Vakapindura mambo vakati, “Kana ari munhu akatiparadza uye akaita rangano yokuti tipere uye tishayiwe nzvimbo kupi zvako muIs-
raeri, 6 zvizvarwa zvake zvechirume zvinomwe ngazvipiwe kwatiri kuti zviurayiwe uye zviiswe pachena pamberi paJehovha paGibhea raSauro musanangurwa waJehovha.”

Saka mambo akati, “Ndichavapa kwamuri.”

7 Mambo akararamisa Mefibhosheti mwanakomana waJonatani, mwanakomana waSauro, nokuda kwemhiko pamberi paJehovha pakati
paDhavhidhi naJonatani mwanakomana waSauro. 8 Asi mambo akatora
Arimoni naMefibhosheti, vanakomana vaviri vaRizipa mwanasikana

waAya, waakanga aberekera Sauro, pamwe chete navanakomana
vashanu vaMerabhi mwanasikana waSauro, waakanga aberekera
Adhirieri mwanakomana waBhazirai muMehorati. 9 Akavaisa mumaoko
avaGibheoni, ivo vakavasungirira pachikomo pamberi paJehovha. Vose
vari vanomwe vakafa pamwe chete; vakaurayiwa panguva yokutanga
kukohwa, pakutanga kwokukohwewa kwebhari.

10 Rizipa mwanasikana waAya akatora nguo yesaga akazviwaridzira
pamusoro pedombo. Kubva pakutanga kwokukohwa kusvikira pakunaya
kwemvura ichibva kudenga pamusoro pemitumbi yavo, haana kutendera
shiri dzedenga kuti dzivabate masikati kana zvikara zvesango usiku.
11 Dhavhidhi akati ataurirwa zvakaitwa naRizipa, mwanasikana waAya,
murongo waSauro, 12 akaenda akandotora mapfupa aSauro naJonatani
mwanakomana wake kubva kuvagari veJabheshi Gireadhi. Vakanga
vaatora muchivande kubva pachivara chapaBheti Shani, uko kwavakanga
vaturikwa navaFiristia shure kwokunge vauraya Sauro paGiribhoa.
13 Dhavhidhi akauya namapfupa aSauro naJonatani mwanakomana wake
kubva ikoko, uye mapfupa aavo vakanga vaurayiwa vakaiswa pachena
akaunganidzwa.

14 Vakaviga mapfupa aSauro naJonatani mwanakomana wake muh-
wiro hwaKishi baba vaSauro, paZera muBhenjamini, uye vakaita zvose
zvavakarayirwa namambo. Shure kwaizvozvo, Mwari akapindura mun-
yengetero wokumiririra nyika.

*Hondo navaFiristia*

15 Kwakavazve nehondo pakati pavaFiristia navaIsraeri. Dhavhidhi
akaburuka navanhu vake kundorwa navaFiristia, uye akaneta kwazvo.
16 Uye Ishibhi-Bhenoni, mumwe wezvizvarwa zvaRafa, aiva nomusoro
wepfumo wairema mazana matatu amashekeri[*] uye akapakata munondo
mutsva, akati achauraya Dhavhidhi. 17 Asi Abhishai mwanakomana
waZeruya akanunura Dhavhidhi; akabayira muFiristia pasi akamuuraya.
Ipapo vanhu vaDhavhidhi vakapika kwaari vachiti, "Hamuchazomboen-
dizve nesu kuhondo, kuitira kuti mwenje weIsraeri urege kuzodzimwa."

18 Shure kwaizvozvo, kwakavazve nokurwa navaFiristia, paGobhi.
Panguva iyoyo Sibhekai muHushati akauraya Safi, mumwe wezvizvarwa
zvaRafa.

19 Pano kumwe kurwa navaFiristia paGobhi, Erihanani mwanakomana
waJoare-Oregimi muBheterehema akauraya Goriati muGiti, akanga ane
pfumo raiva nerwiriko rwakanga rwakaita setsvimbo yomuruki.

20 Pano kumwe kurwazve, kwakaitika paGati, pakanga pane hofori
yomurume akanga ane minwe mitanhatu paruoko rumwe norumwe uye
zvigunwe zvitanhatu parutsoka rumwe norumwe, zvose zviri makumi
maviri nezvina. Naiyewo akanga ari chizvarwa chaRafa. 21 Akati
achishora Israeri, Jonatani mwanakomana waShimea, munun'una waD-
havhidhi, akamuuraya.

22 Ava vari vana vakanga vari zvizvarwa zvaRafa muGati, uye vakafa
pamaoko aDhavhidhi navanhu vake.

# 22

*Rwiyo rwaDhavhidhi rwoKurumbidza*

---

[*] **21:16** 21:16 makirogiramu angaita 3.5

1 Dhavhidhi akaimbira Jehovha mashoko orwiyo urwu paakarwirwa
naJehovha kubva muruoko rwavavengi vake vose nomuruoko rwaSauro.
2 Akati:
“Jehovha ndiye dombo rangu, nhare yangu uye mununuri wangu;
3 Mwari wangu ndiye dombo rangu, ndinovanda maari,
nhoo yangu, norunyanga rworuponeso rwangu.
Ndiye nhare yangu, utiziro hwangu nomuponesi wangu,
munondiponesa pavanhu vanoita nechisimba.
4 Ndinodana kuna Jehovha, iye anofanira kurumbidzwa,
uye ndinoponeswa kubva kuvavengi vangu.

5 “Mafungu orufu akandikomba;
mvura zhinji yokuparadza yakandifukidza.
6 Mabote eguva akandimonera;
misungo yorufu yakandivinga.
7 Mukutambudzika kwangu ndakadana kuna Jehovha;
ndakadanidzira kuna Mwari wangu.
Akanzwa inzwi rangu ari mutemberi yake;
kuchema kwangu kwakasvika munzeve dzake.

8 “Nyika yakadedera uye ikazungunuka,
nheyo dzokudenga dzakadengenyeka;
dzakadedera nokuti akanga atsamwa.
9 Utsi hwakakwira kubva mumhino dzake;
moto unoparadza wakabuda mumuromo make,
mazimbe anopisa akapfutamo.
10 Akakamura matenga akaburuka pasi;
makore erima akanga ari pasi petsoka dzake.
11 Akatasva makerubhi akabhururuka;
akabhururuka mudenga denga pamapapiro emhepo.
12 Akaita kuti rima rimupoteredze setende,
iwo makore matema emvura yokudenga.
13 Kubva pakupenya kwokuvapo kwake
mabhanan’ana emheni akapenya.
14 Jehovha akatinhira ari kudenga;
inzwi reWokumusoro-soro rakanzwikazve.
15 Akapfura miseve akaparadzira vavengi,
mabhanan’ana emheni akavaparadza.
16 Mipata yegungwa yakaiswa pachena
uye nheyo dzenyika dzakabudiswa pachena
nokutuka kwaJehovha,
nokufema kwomweya wemhino dzake.

17 “Akatambanudza ruoko ari kudenga akandibata;
akandibudisa kubva pamvura yakadzika.
18 Akandinunura kubva pamuvengi wangu ane simba,
kubva kuvavengi, vakanga vachindikurira pasimba.
19 Vakandivinga muzuva renjodzi yangu,
asi Jehovha akanga ari mutsigiri wangu.
20 Akandibudisira kunzvimbo yakafarikana;
akandinunura nokuti akanga achindifarira.

21 “Jehovha akandiitira zviri maererano nokururama kwangu;
maererano nokuchena kwamaoko angu, akandipa mubayiro.
22 Nokuti ndakachengeta nzira dzaJehovha;
handina kuita chakaipa ndichitsauka kubva kuna Mwari wangu.
23 Mirayiro yake yose iri pamberi pangu;
handina kutsauka kubva pamitemo yake.
24 Ndakanga ndisina chandinopomerwa pamberi pake,
uye ndakazvichengeta kuti ndirege kutadza.
25 Jehovha akandipa mubayiro maererano nokururama kwangu,
maererano nokuchema kwangu pamberi pake.

26 “Kune vakatendeka munoratidza kutendeka kwenyu,
kune vasina chavanopomerwa munoratidza kusapomerwa kwenyu,
27 kune vakachena munozviratidza makachena,
asi kune vasakarurama munozviratidza nehasha.
28 Munoponesa vanozvininipisa,
asi meso enyu ari pamusoro pavanozvikudza kuti muvaderedze.
29 Imi muri mwenje wangu, Jehovha;
Jehovha anoshandura rima rangu kuti rive chiedza.
30 Norubatsiro rwenyu ndinogona kuenda kundorwa neboka ravarwi;
naMwari wangu ndinogona kukwira rusvingo.

31 “Kana ari Mwari, nzira yake yakarurama kwazvo;
shoko raJehovha harina charingapomerwa.
Ndiye nhoo
yavose vanovanda maari.
32 Nokuti ndianiko Mwari kunze kwaJehovha?
Uye ndianiko Dombo kunze kwaMwari wedu?
33 NdiMwari anondishongedza nesimba
uye anoruramisa nzira yangu.
34 Anoita tsoka dzangu kuti dzive setsoka dzenondo;
anoita kuti ndigone kumira pakakwirira.
35 Anodzidzisa maoko angu kurwa;
maoko angu anowembura uta hwendarira.
36 Munondipa nhoo yenyu yokukunda,
munokotamira pasi kuti mundikurise.
37 Munotambanudza nzira pasi pangu,
kuitira kuti zvitsitsinho zvangu zvirege kutsauka.

38 “Ndakatevera vavengi vangu ndikavaparadza;
handina kudzoka kusvikira vaparadzwa.
39 Ndakavaparadza zvachose,
uye havana kugona kumuka; vakawira pasi petsoka dzangu.
40 Makandishongedza nesimba rokurwa;
makaita kuti vadzivisi vangu vakotame patsoka dzangu.
41 Makaita kuti vavengi vangu vatize pakurwa,
uye ndakaparadza vavengi vangu.
42 Vakachemera kubatsirwa, asi hakuna munhu akavaponesa,
kunyange kuna Jehovha, asi haana kupindura.
43 Ndakavapwanya vakatsetseka seguruva renyika;
ndakavatswa uye ndikavatsika sedope riri munzira dzomumusha.

44 “Makandinunura kubva pakurwisa kwavanhu vangu;
makandichengetedza somutungamiri wendudzi.
Vanhu vandakanga ndisingazivi vava pasi pangu.
45 Uye vatorwa vanouya kwandiri vachidedera,
pavanongondinzwa vanonditeerera.
46 Vose vanoora mwoyo;
vanouya vachidedera kubva panhare dzavo.

47 “Jehovha mupenyu! Dombo rangu ngarirumbidzwe!
Ngaakudzwe Mwari, iye Dombo, Muponesi wangu!
48 Ndiye Mwari anonditsivira,
anoisa ndudzi pasi pangu,
49 anondisunungura kubva kuvavengi vangu.
Imi makandikudza pamusoro pavavengi vangu;
kubva kuvanhu vanoita nechisimba, makandinunura.
50 Naizvozvo ndichakurumbidzai, imi Jehovha, pakati pendudzi;
ndicharumbidza zita renyu nenziyo.

51 “Iye anopa mambo wake kukunda kukuru;
anoratidza unyoro hwake kumuzodziwa wake,
kuna Dhavhidhi nezvizvarwa zvake nokusingaperi.”

# 23

*Mashoko Okupedzisira aDhavhidhi*

1 Aya ndiwo mashoko okupedzisira aDhavhidhi:
“Chirevo chaDhavhidhi mwanakomana waJese,
Chirevo chomurume akasimudzirwa noWokumusoro-soro,
murume akazodzwa naMwari waJakobho,
muimbi wenziyo waIsraeri:

2 “Mweya waJehovha wakataura kubudikidza neni;
shoko rake rakanga riri parurimi rwangu.
3 Mwari waIsraeri akataura,
Dombo raIsraeri akati kwandiri:
‘Kana munhu achitonga vanhu mukururama,
kana achitonga mukutya Mwari,
4 akaita sechiedza chamangwanani pakubuda kwezuva
mangwanani kusina makore,
sokujeka kwezuva shure kwokunaya
kwemvura kunomeresa uswa kubva pasi.’

5 “Ko, imba yangu haisi yakadaro kuna Mwari here?
Nokuti akaita sungano isingaperi neni,
yakarongwa uye yakasimbiswa pazvinhu zvose.
Ko, haachazozadzisi ruponeso rwangu
uye agondipa zvose zvandinoda here?
6 Asi vanhu vakaipa vacharasirwa parutivi seminzwa,
isingaunganidzwi noruoko.
7 Ani naani anobata minzwa
anoshandisa mudziyo wesimbi kana rwiriko rwepfumo;
uye ichapiswa zvachose pairi ipapo.”

### *Varwi vane simba vaDhavhidhi*

8 Aya ndiwo mazita emhare dzaDhavhidhi:

Joshebhi-Bhashebheti, muTakemoni, akanga ari mukuru waVatatu;
akasimudza pfumo rake achirwa navarume mazana masere, akavauraya
panguva imwe chete.

9 Aimutevera akanga ari Ereazari, mwanakomana waDhodhai muA-
hohi. Somumwe wavarume vatatu voumhare, akanga ana Dhavhidhi
pavakashora vaFiristia vakanga vakaungana paPasi Dhamimi kuti va-
zorwa. Ipapo varume veIsraeri vakadzokera shure, 10 asi iye akamira
akabaya vaFiristia kusvikira ruoko rwake rwaneta uye rwanamatira
pamunondo. Jehovha akaita kuti vakunde kwazvo zuva iroro; uye varwi
vakadzokera kuna Ereazari, asi kundokutunura nhumbi dzavakafa chete.
11 Aimutevera akanga ari Shama mwanakomana weAgi muHarari.
VaFiristia vakati vaungana pamwe chete panzvimbo yakanga ine munda
wakanga uzere nenyemba, varwi vavaIsraeri vakatiza pamberi pavo.
12 Asi Shama akanyatsomira pakati pomunda. Akaudzivirira akauraya
vaFiristia, uye Jehovha akauyisa kukunda kukuru.

13 Panguva yokukohwa, vatatu pakati pavakuru makumi matatu vakabu-
ruka kuna Dhavhidhi kubako reAdhurami, nguva iyoyo hondo yavaFiristia
yakanga yakadzika misasa muMupata weRefaimi. 14 Panguva iyoyo
Dhavhidhi akanga ari munhare, uye hondo yavaFiristia yakanga iri
paBheterehema. 15 Dhavhidhi akapanga mvura akati, “Haiwa, dai mumwe
andiwanirawo mvura yokunwa patsime riri pedyo reBheterehema!”
16 Saka mhare nhatu dzakapinda napakati pavaFiristia, vakachera mvura
kubva mutsime raiva pedyo nesuo reBheterehema vakaitakura vakaenda
nayo kuna Dhavhidhi. Asi akaramba kuinwa, akaidururira pasi kuna
Jehovha. 17 Akati, “Ngazvive kure neni, Jehovha, kuti ndiite izvi! Ko, iri
harisi ropa ravarume vakaendako vachiisa upenyu hwavo panjodzi here?”
Uye Dhavhidhi akaramba kuinwa.

Izvi ndizvo zvakaitwa nemhare nhatu.

18 Abhishai munun’una waJoabhu mwanakomana waZeruya akanga ari
mukuru waVatatu. Akasimudza pfumo rake kuti arwe navarume mazana
matatu, akavauraya, nokudaro akava nomukurumbira saVatatu. 19 Ko,
haana kupiwa kuremekedzwa kukuru kupfuura vaya Vatatu here? Iye
akazova mutungamiri wavo, kunyange zvazvo akanga asina kuverengwa
pakati pavo.

20 Bhenaya mwanakomana waJehoyadha akanga ari munhu woumhare
aibva kuKabhizeeri, akaita zvinhu zvikuru. Akauraya varume vaviri
veMoabhu vakanga vari mhare. Akapindawo mugomba kuchitonhora
kwazvo musi uyo, akauraya shumba imomo. 21 Uye akabaya muIjipita
akanga ari hofori. Kunyange zvazvo muIjipita akanga ane pfumo muruoko
rwake, Bhenaya akarwa naye netsvimbo. Akabvuta pfumo rakanga riri
muruoko rwomuIjipita akamuuraya nepfumo rake. 22 Ndiwo akanga ari
mabasa aBhenaya mwanakomana waJehoyadha; naiyewo akanga ano
mukurumbira sowavarume vaya vatatu voumhare. 23 Akaremekedzwa
zvikuru kupinda ani zvake wavaye Makumi Matatu, asi akanga asina
kuverengwa pakati pavaya vatatu. Uye Dhavhidhi akamugadza kuti ave
mutariri wavarindi vake.

24 Pakati pavaya Makumi Matatu paiti:

Asaheri munun’una waJoabhu,

Erihanani mwanakomana waDhodho aibva kuBheterehema,
25 Shama muHarodhi,
Erika muHarodhi,
26 Herezi muPariti, Ira
mwanakomana waIkeshi aibva kuTekoa,
27 Abhiezeri aibva kuAnatoti,
Mebhunai muHushati,
28 Zarimoni muAhohi,
Maharai muNetofati,
29 Heredhi mwanakomana waBhaana muNetofati,
Itai mwanakomana waRibhai aibva kuGibhea muBhenjamini,
30 Bhenaya muPiratoni,
Hidhai aibva kuhova dzeGaashi,
31 Abhi-Aribhoni muAribhati,
Azimavheti muBharihumi,
32 Eriabha muShaaribhoni,
mwanakomana waJasheni,
Jonatani 33 mwanakomana waShama muHarari,
Ahiami mwanakomana waSharari muHarari,
34 Erifereti mwanakomana waAhasibhai muMaakati,
Eriamu mwanakomana waAhitoferi muGironi,
35 Heziro muKarimeri,
Paarai muAribhiti,
36 Igari mwanakomana waNatani aibva kuZobha,
mwanakomana waHagiri,
37 Zereki muAmoni,
Naharai muBheeroti, mutakuri wenhumbi dzokurwa nadzo dzaJoabhu mwanakomana waZeruya,
38 Ira muItiri,
Garebhi muItiri
39 naUria muHiti.

Vose vaiva makumi matatu navanomwe pamwe chete.

# 24

*Dhavhidhi anoverenga varume vokurwa*

1 Kutsamwa kwaMwari kwakava pamusoro pavaIsraeri zvakare, uye akakurudzira Dhavhidhi achiti, “Enda undoverenga vaIsraeri navaJudha.”
2 Saka mambo akati kuna Joabhu navakuru vehondo vaiva naye, “Endai pakati pamarudzi ose avaIsraeri kubva kuDhani kusvikira kuBheerishebha mundonyora varume vokurwa, kuti ndizive kuti vangani varipo.”
3 Asi Joabhu akapindura mambo achiti, “Jehovha Mwari wenyu ngaawanze varwi kakapetwa kupfuura rune zana, uye meso ashe wangu mambo azvione. Asi ishe wangu mambo anodireiko kuita chinhu chakadai?”
4 Kunyange zvakadaro, shoko ramambo rakakunda raJoabhu navatungamiri vehondo; saka vakabva pamberi pamambo kuti vandonyora varume vokurwa muIsraeri.
5 Shure kwokuyambuka Jorodhani, vakadzika matende avo pedyo neAroeri, zasi kweguta riri mumupata, uye ipapo vakaenda napakati
peGadhi vakandosvika kuJazeri.
6 Vakaenda kuGireadhi nokudunhu reTahitimi Hodhishi, uye napaDhani Joani uye vakapoterera nokuSidhoni.

7 Ipapo vakaenda vakananga kunhare yeTire nokumaguta ose avaHivhi
navaKenani. Pakupedzisira, vakaenda kuBheerishebha zasi kweJudha.

8 Mushure mokuenda kwavo munyika yose, vakadzoka kuJerusarema
papera mwedzi mipfumbamwe namazuva makumi maviri.

9 Joabhu akazivisa uwandu hwavanhu kuna mambo akati: MuIsraeri
makanga mune mazana masere ezviuru zvavarume vakanga vakasimba,
vaigona kubata munondo, uye muJudha maiva namazana mashanu
ezviuru.

10 Hana yaDhavhidhi yakarova shure kwokuverenga kwake varume
vokurwa, akati kuna Jehovha, “Ndatadza zvikuru pane zvandaita. Haiwa
Jehovha, zvino ndinokukumbirai, bvisa mhaka yomuranda wenyu. Ndaita
chinhu choupenzi kwazvo.”

11 Zvino Dhavhidhi akati achimuka mangwanani, shoko raJehovha
rakasvika kuna Gadhi muprofita, muoni waDhavhidhi richiti, 12 “Enda
undoudza Dhavhidhi kuti, ‘Zvanzi naJehovha: Ndiri kukupa zvinhu
zvitatu. Sarudza chimwe chete chazvo kuti ndichiite pamusoro pako.’ ”

13 Saka Gadhi akaenda kuna Dhavhidhi akati kwaari, “Unoda kuti
munyika yako muve nenzara kwamakore matatu here? Kana kuti mwedzi
mitatu yokutiza kubva kuvavengi vako ivo vachikudzinganisa? Kana kuti
mazuva matatu edenda munyika yako? Zvino funga pamusoro pazvo
ugosarudza kuti ndingandopindura sei iye andituma.”

14 Dhavhidhi akati kuna Gadhi, “Ndiri pakutambudzika kukuru. Ngati-
wirei hedu mumaoko aJehovha, nokuti ngoni dzake ihuru; asi musandi-
rega ndichiwira mumaoko avanhu.”

15 Saka Jehovha akatuma denda pamusoro peIsraeri kubva mang-
wanani iwayo kusvikira panguva yakatarwa, uye vanhu zviuru
makumi manomwe vakafa kubva kuDhani kusvikira kuBheerishebha.
16 Mutumwa akati atandavadza ruoko rwake kuti aparadze Jerusarema,
Jehovha akazvidemba nokuda kwenjodzi iyi akati kumutumwa akanga
achiparadza vanhu, “Zvaringana! Dzora ruoko rwako.” Mutumwa
waJehovha ipapo akanga ava paburiro raArauna muJebhusi.

17 Dhavhidhi akati aona mutumwa akanga achiuraya vanhu, akati kuna
Jehovha, “Ini ndini ndakatadza uye ndikaita zvakaipa. Ava vanongova
havo makwai chete. Chiiko chavakaita? Ruoko rwenyu ngaruwire
pamusoro pangu ini nemhuri yangu.”

### *Dhavhidhi anovaka Aritari*

18 Pazuva iro Gadhi akaenda kuna Dhavhidhi akati kwaari, “Kwira
undovakira Jehovha aritari paburiro raArauna muJebhusi.” 19 Saka
Dhavhidhi akakwira sezvaakanga arayirwa naJehovha kubudikidza na-
Gadhi. 20 Arauna akati atarisa akaona mambo navanhu vake vachiuya
vakananga kwaari, akabuda akandokotamira pasi pamberi pamambo
chiso chake chakatsikitsira pasi.

21 Arauna akati, “Seiko ishe wangu mambo auya kumuranda wake?”

Dhavhidhi akapindura akati, “Kuzotenga buriro rako, kuti ndivakire
Jehovha aritari, kuti denda riri pamusoro pavanhu rigume.”

22 Arauna akati kuna Dhavhidhi, “Ishe wangu mambo ngaatore zvose
zvinomufadza agozvipira kuna Jehovha. Hedzi nzombe dzechibayiro
chinopiswa, neiyi mipuro namajoko enzombe kuti dzive huni. 23 Haiwa
mambo, Arauna anopa zvose izvi kuna mambo.” Arauna akatizve kwaari,
“Jehovha Mwari wenyu ngaakugamuchirei.”

24 Asi mambo akapindura Arauna akati, “Kwete, ndinoda kuzvitenga kwauri. Handingabayiri Jehovha Mwari wangu zvibayiro zvinopiswa zvandisina kutenga.”
Saka Dhavhidhi akatenga buriro nenzombe uye akazvipira namakumi mashanu amashekeri* esirivha.
25 Dhavhidhi akavakira Jehovha aritari ipapo uye akabayira zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana. Ipapo Jehovha akapindura munyengetero wokukumbirira nyika, uye denda rikapera pamusoro peIsraeri.

* **24:24** 24:24 0.6 yekirogiramu

# 1 MADZIMAMBO

*Adhoniya anozvigadza Umambo*

1 Mambo Dhavhidhi akanga akwegura, ava namakore mazhinji,
asi akanga asingadziyirwi kunyange vaimufukidza namagumbeze.
2 Naizvozvo, varanda vake vakati kwaari, "Ngatitsvakirei mambo wedu
mhandara kuti imushandire nokumuchengeta. Acharara padivi pake kuti
ishe mambo wedu adziyirwe."

3 Naizvozvo, vakatsvaka musikana akanaka munyika yose yeIs-
raeri, vakawana Abhishagi, muShunami, vakauya naye kuna mambo.
4 Musikana uyu akanga akanaka kwazvo; uye akachengeta mambo
akamushandira, asi mambo haana kurara naye somukadzi wake.

5 Zvino Adhoniya, uyo aiva namai vainzi Hagiti, akazvisimudzira akati,
"Ini ndichava mambo." Naizvozvo, akazvigadzirira ngoro navatasvi
vamabhiza navarume makumi mashanu kuti vamhanye pamberi pake.
6 Baba vake vakanga vasina kana kumbomutsiura paupenyu hwake hwose
vachiti, "Ko, izvi nezvizvi wazviitirei?" Akanga ari murume akanaka
pachiso chake uye ndiye aitevera Abhusaromu pakuberekwa.

7 Adhoniya akarangana naJoabhu, mwanakomana waZeruya, naAb-
hiatari muprista uye vakamutsigira. 8 Asi Zadhoki muprista, Bhenaya
mwanakomana waJehoyadha, Natani muprofita, Shimei, naRei, namauto
apamusoro aDhavhidhi, havana kutevera Adhoniya.

9 Adhoniya akabayira makwai, mombe nemhuru dzakakodzwa
paDombo reZohereti, pedyo nepaEnirogeri. Akakoka vakoma nava-
nun'una vake vose, vanakomana vamambo, navarume vose veJudha vaiva
vakuru vakuru, 10 asi haana kukoka Natani muprofita, kana Bhenaya, kana
mauto apamusoro, kana Soromoni munun'una wake.

11 Ipapo Natani akabvunza Bhatishebha, mai vaSoromoni akati, "Hauna
kunzwa here kuti Adhoniya, mwanakomana waHagiti, atova mambo
ishe wedu Dhavhidhi asingazvizivi? 12 Zvino chirega ndikubayire
zanhi kuti uponese upenyu hwako noupenyu hwomwanakomana wako
Soromoni. 13 Chitoenda izvozvi kuna mambo Dhavhidhi unoti kwaari,
'Ishe wangu mambo, hamuna kupikira ini murandakadzi wenyu here
muchiti, "Zvirokwazvo Soromoni mwanakomana wako ndiye achanditev-
era paumambo, uye ndiye achagara pachigaro changu choushe?" Zvino
Adhoniya ava mambo sei?' 14 Zvino iwe paunenge uchiri kutaura
namambo, ini ndichapindawo ndichisimbisa zvaunenge wataura."

15 Naizvozvo, Bhatishebha akaenda kundoona mambo mumba make.
Mambo akanga akwegura kwazvo, uye Abhishagi muShunami akanga
achimushandira. 16 Bhatishebha akakotama, akapfugama pamberi pa-
mambo.

Mambo akati, "Unodeiko?"

17 Iye akati kwaari, "Ishe wangu, makapikira muranda wenyu naJe-
hovha Mwari wenyu mukati, 'Soromoni mwanakomana wako ndiye achat-
evera paumambo, ndiye achagara pachigaro changu choushe.' 18 Asi zvino
Adhoniya ava mambo, kunyange imi musingazvizivi. 19 Abayira mombe
dzakawanda, mhuru dzakakodzwa, namakwai, uye akoka vanakomana
vose vamambo, Abhiatari muprista naJoabhu mutungamiri wamauto,
asi haana kukoka Soromoni muranda wenyu. 20 Zvino ishe wangu

mambo, meso eIsraeri yose akatarisa kwamuri, kuti muvaudze kuti ndiani
achagara pachigaro choushe chaishe wangu mambo, mushure make.
21 Kana musina kudaro, kana ishe wangu mambo aradzikwa namadzibaba
ake, ini nomwanakomana wangu Soromoni tichanzi tine mhosva."

22 Achiri kutaura namambo, Natani muprofita akabva asvika. 23 Zvino
vakaudza mambo kuti, "Natani muprofita ari pano." Naizvozvo akaenda
pamberi pamambo, akakotamisa uso hwake pasi.

24 Natani akati, "Ishe wangu, mambo wangu, mareva here kuti Adhoniya
ndiye achava mambo mushure menyu, uye kuti ndiye achagara pachigaro
chenyu choushe? 25 Nhasi aburuka akandobayira mombe dzakawanda,
mhuru dzakakodzwa, namakwai. Akoka vanakomana vose vamambo,
vatungamiri vamauto naAbhiatari muprista. Izvozvi vari kudya nokunwa
naye vachiti, 'Mambo Adhoniya ngaararame makore akawanda!' 26 Asi
haana kukoka ini muranda wenyu naZadhoki muprista, naBhenaya
mwanakomana waJehoyadha, nomuranda wenyu Soromoni. 27 Izvi ndizvo
here zvaitwa naishe wangu mambo vasina kuudza varanda vavo kuti
ndiani achagara pachigaro choushe chaishe mambo wangu mushure
mavo."

### *Dhavhidhi anogadza Soromoni Umambo*

28 Ipapo Mambo Dhavhidhi akati, "Ndidanirei Bhatishebha." Naizvozvo
iye akauya kuna mambo akamira pamberi pake.

29 Zvino mambo akapika akati, "NaJehovha mupenyu, uyo akandin-
unura pamatambudziko ose, 30 zvirokwazvo, nhasi ndichazadzisa zvan-
dakakupikira naJehovha, Mwari waIsraeri kuti, 'Mwanakomana wako
Soromoni achanditevera paumambo, uye achagara pachigaro changu
choushe panzvimbo pangu.' "

31 Ipapo Bhatishebha akakotama pasi nechiso chake akapfugamira
mambo akati, "Ishe wangu, Mambo Dhavhidhi, ngaararame nokusin-
gaperi!"

32 Mambo Dhavhidhi akati, "Ndidanirei Zadhoki muprista, Natani
muprofita naBhenaya mwanakomana waJehoyadha." Vakati vauya
pamberi pamambo, 33 akati kwavari, "Endai navaranda vaishe, mutasvise
Soromoni mwanakomana wangu panyurusi rangu chairo mugoenda naye
zasi kuGihoni. 34 Ikoko, Zadhoki muprista naNatani muprofita ngavamu-
zodze kuti ave mambo weIsraeri. Muridze hwamanda mugodanidzira
muchiti, 'Mambo Soromoni ngaararame makore akawanda!' 35 Zvino
imi muchauya muchimutevera, kuti iye auye azogara pachigaro changu
choushe, nokuti achava mambo panzvimbo pangu, uye ndamugadza kuti
ave mutongi weIsraeri neJudha."

36 Bhenaya mwanakomana waJehoyadha akapindura mambo akati,
"Ameni! Jehovha, Mwari waishe mambo wangu, ngaadarowo! 37 Jehovha
sezvaaiva naishe wangu mambo, saizvozvowo ngaave naSoromoni, aite
kuti chigaro chake choushe chive chikuru kupfuura chigaro choushe
chaishe wangu Mambo Dhavhidhi!"

38 Naizvozvo Zadhoki muprista, Natani muprofita, Bhenaya mwanako-
mana waJehoyadha, vaKereti navaPereti vakadzika, vakatasvisa Soromoni
panyurusi raMambo Dhavhidhi, vakamutungamirira kuenda kuGihoni.
39 Zadhoki muprista akatora gonamombe ramafuta mutende akazodza
Soromoni. Ipapo vakaridza hwamanda vanhu vose vakadanidzira vachiti,
"Mambo Soromoni ngaararame makore akawanda!" 40 Zvino vanhu vose

vakamutevera vachiridza mabhosvo vachipembera zvikuru zvokuti pasi
pakatinhira noruzha rwavo.
41 Adhoniya navose vaakanga akoka, vaakanga anavo, vakazvinzwa
pavakanga vopedza kudya, Joabhu akati achinzwa ruzha rwehwamanda,
akabvunza, akati, "Mheremhere yose iyi muguta ndeyeiko?"
42 Achiri kutaura kudaro, Jonatani, mwanakomana waAbhiatari
muprista, akasvika. Adhoniya akati, "Pinda! Murume akatendeka sewe
anofanira kunge achiuya namashoko akanaka."
43 Jonatani akapindura akati, "Kwete, kwete! Ishe wedu Mambo
Dhavhidhi agadza Soromoni paumambo. 44 Mambo amutuma naZad-
hoki muprista, Natani muprofita, Bhenaya mwanakomana waJehoyadha,
vaKereti navaPereti, uye vamutasvisa nyurusi ramambo, 45 uye Zadhoki
muprista naNatani muprofita vamuzodza kuti ave mambo paGihoni.
Vabva ikoko vachipembera, zvokuti guta rose rangova zhowezhowe.
Ndiyo mheremhere yamuri kunzwa. 46 Pamusoro paizvozvo, Soromoni
agara pachigaro choushe. 47 Uyezve, machinda amambo auya kuzoko-
rokotedza ishe wedu Mambo Dhavhidhi achiti, 'Mwari wenyu ngaaite kuti
zita raSoromoni rive nomukurumbira kupfuura renyu, uye chigaro chake
choushe ngachive chakakura kupfuura chenyu!' Zvino mambo akotama
pamubhedha pake akanamata, 48 akati, 'Jehovha, Mwari waIsraeri,
ngaarumbidzwe, iye anditendera kuti ndione mumwe wavana vangu
achigara pachigaro changu choushe nhasi.' "
49 Zvino vose vakanga vakokwa naAdhoniya vakabatwa nokutya
vakasimuka vakati uyu ananga kwake, uyu ananga kwake. 50 Asi Adhoniya
akatya Soromoni, akasimuka akaenda kundobata nyanga dzearitari.
51 Soromoni akaudzwa kuti, "Tarirai, Adhoniya ari kutya Mambo uye
atobata nyanga dzearitari achiti, 'Mambo Soromoni ngaandipikire nhasi
kuti haasi kuzouraya muranda wake nomunondo.' "
52 Zvino Soromoni akati, "Kana akazova munhu kwaye, hakuna rub-
vudzi rwomusoro wake ruchawira pasi; asi zvakaipa zvikawanikwa
maari, achafa." 53 Ipapo Mambo Soromoni akatuma varume vakandouya
naye kubva paaritari. Zvino Adhoniya akauya akakotamira Mambo
Soromoni, Soromoni akati kwaari, "Enda kumba kwako."

# 2

*Dhavhidhi anorayira Soromoni*

1 Zvino nguva yokufa kwaDhavhidhi yakati yoswedera, akarayira
Soromoni mwanakomana wake, 2 achiti, "Ndava pedyo nokuenda nen-
zira yenyika yose. Naizvozvo iva munhu akasimba, uve murume,
3 ucherechedze zvose zvinodiwa naJehovha Mwari wako: Famba munzira
dzake, chengeta zvaakatema, mirayiro yake, mitemo yake nezvaanoda,
sezvazvakanyorwa muMurayiro waMozisi, kuti ugobudirira pazvose
zvaunoita nakwose kwaunoenda. 4 Uye kuti Jehovha agosimbisa shoko
rake raakataura pamusoro pangu rokuti, 'Kana vana vako vakachenjerera
nzira yavo, vakafamba pamberi pangu nokutendeka, nomwoyo wavo
wose, nomweya wavo wose, hapangashayikwi munhu achakutevera
pachigaro choushe chaIsraeri.'
5 "Zvino iwe pachako unoziva zvandakaitirwa naJoabhu, mwanako-
mana waZeruya, zvaakaita kuvatungamiri vaviri vehondo dzaIsraeri, Ab-
huna mwanakomana waNeri, naAmasa mwanakomana waJeteri. Akavau-
raya, akateura ropa ravo panguva yorugare sokunge vakanga vari

muhondo, uye ropa iroro akarizora pabhanhire raiva muchiuno chake
napashangu dzetsoka dzake. 6 Ita zvaunogona naye nouchenjeri hwako,
asi usatendera musoro wake wachena kuti upinde muguva norugare.
7 "Asi uitire unyoro vanakomana vaBharizira wokuGireadhi, uye
ngavave pakati paavo vanodya patafura yako. Vakamira neni pandakatiza
mukoma wako Abhusaromu.
8 "Rangarira kuti unayewo Shimei, mwanakomana waGera, muBhen-
jamini wokuBhahurimu, uyo akandituka zvakaipa kwazvo musi wan-
dakaenda kuMahanaimi. Paakadzika kuzosangana neni paJorodhani,
ndakapika kwaari naJehovha ndikati, 'Handisi kuzokuuraya nomunondo.'
9 Asi zvino usamutora somunhu asina mhosva. Iwe uri murume ane
uchenjeri, uchaziva zvokuita naye. Uburutsire musoro wake wachena,
kuguva muropa."
10 Ipapo Dhavhidhi akavata namadzibaba ake, akavigwa muGuta raD-
havhidhi. 11 Akatonga Israeri kwamakore makumi mana, manomwe
muHebhuroni namakumi matatu namatatu muJerusarema. 12 Naizvozvo
Soromoni akagara pachigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, ushe
hwake hukasimbiswa.

*Umambo hwaSoromoni hunosimbiswa*

13 Zvino Adhoniya, mwanakomana waHagiti, akaenda kuna
Bhatishebha, mai vaSoromoni. Bhatishebha akamubvunza akati, "Ko,
wauya norugare here?"
Iye akapindura akati, "Hongu, norugare." 14 Ipapo akaenderera mberi
akati, "Ndine zvimwe zvandinoda kutaura kwamuri."
Iyewo akapindura akati, "Taura zvako."
15 Iye akati, "Sezvamunoziva, umambo hwaiva hwangu. VaIsraeri
vose vaitarisira kuti ndichatonga. Asi zvinhu zvakashanduka, umambo
hukaenda kumunun'una wangu; nokuti hwakava hwake nokuda kwa-
Jehovha. 16 Asi zvino ndinokumbira chinhu chimwe chete kwamuri,
musandirambira."
Iye akati kwaari, "Taura zvako."
17 Saka akaenderera mberi akati, "Ndapota, kumbirai Mambo Soromoni,
haambokurambirai, kuti andipe Abhishagi muShunami, ave mukadzi
wangu."
18 Bhatishebha akapindura akati, "Zvakanaka, ndichandosuma nyaya iyi
kuna mambo."
19 Naizvozvo Bhatishebha akaenda kuna Mambo Soromoni kundosuma
nyaya yaAdhoniya. Mambo akasimuka akasangana naye, akakotamira
mai vake, akagara pachigaro chake choushe. Akarayira kuti chi-
garo choushe chiunzirwe mai vamambo, ivo vakagara kurutivi rwake
rworudyi.
20 Ipapo vakati, "Ndine chikumbiro chidiki kwauri. Usandirambira
zvako."
Mambo akapindura akati, "Kumbirai henyu, mai, handikurambiriyi."
21 Ivo vakati, "Adhoniya mukoma wako, ngaapiwe Abhishagi muShu-
nami, ave mukadzi wake."
22 Mambo Soromoni akapindura mai vake akati, "Sei muchikumbirira
Adhoniya, Abhishagi muShunami? Mungatomukumbirirawo umambo,
zvaari mukoma wangu, mumukumbirire iye naAbhiatari muprista, na-
Joabhu mwanakomana waZeruya."
23 Zvino Mambo Soromoni akapika naJehovha akati, "Mwari ngaandi-
range zvakaomarara kana Adhoniya akasaripa chikumbiro ichi noupenyu

hwake! 24 Zvino kana Jehovha wangu ari mupenyu, uyo akandisim-
bisa zvakakwana pachigaro choushe chababa vangu Dhavhidhi, akandi-
gadzirira umambo sezvaakavimbisa, Adhoniya achaurayiwa nhasi."
25 Naizvozvo Mambo Soromoni akatuma Bhenaya mwanakomana waJe-
hoyadha, iye akamuuraya.

26 Mambo akati kuna Abhiatari muprista, "Dzokera kuAnatoti, kunyika
yako. Unofanira kufa. Asi handisi kuzokuuraya iye zvino, nokuti
wakatakura areka yaJehovha Mwari pamberi pababa vangu Dhavhidhi
ukatambudzika navo pamatambudziko avo ose." 27 Naizvozvo Soromoni
akabvisa Abhiatari pauprista hwaJehovha, akazadzisa shoko rakanga
rataurwa naJehovha paShiro pamusoro peimba yaEri.

28 Zvino shoko iri rakati rasvika kuna Joabhu, uyo akanga aita rangano
naAdhoniya asi kwete naAbhusaromu, iye akatizira kutende raJehovha
akandobata nyanga dzearitari. 29 Mambo Soromoni akaudzwa kuti Joabhu
akanga atizira kutende raJehovha uye kuti akanga ari paaritari. Ipapo
Soromoni akarayira Bhenaya mwanakomana waJehoyadha akati, "Enda
undomuuraya!"

30 Saka Bhenaya akapinda mutende raJehovha akati kuna Joabhu,
"Zvanzi namambo, 'Buda.' "

Asi iye akapindura akati, "Kwete, ndichafira pano."

Bhenaya akandoti kuna mambo, "Aya ndiwo mapindurirwo andaitwa
naJoabhu."

31 Ipapo mambo akarayira Bhenaya akati, "Ita sezvaareva. Muu-
raye ugomuviga, naizvozvo undichenese pamwe chete neimba yababa
vangu pamhosva yeropa rakateurwa naJoabhu rakanga risina mhosva.
32 Jehovha achadzorera ropa rake pamusoro wake, nokuti akauraya
varume vaviri vakanga vakarurama kupfuura iye, vakanga vari nani pana
iye, akavauraya nomunondo, baba vangu Dhavhidhi vasingazvizivi, Ab-
huna mwanakomana waNeri, mutungamiri wehondo yeIsraeri naAmasa
mwanakomana waJeteri, mutungamiri wehondo yeJudha. 33 Ropa ravo
ngaridzokere pamusoro waJoabhu, napamusoro pemhuri yake nokusin-
gaperi. Asi rugare runobva kuna Jehovha ngaruve pana Dhavhidhi,
naparudzi rwake, napaimba yake, napachigaro chake choushe nokusin-
gaperi."

34 Naizvozvo Bhenaya mwanakomana waJehoyadha akaenda akan-
douraya Joabhu, akavigwa muguva rake murenje. 35 Zvino mambo
akagadza Bhenaya mwanakomana waJehoyadha somukuru wehondo
panzvimbo yaJoabhu, uye akagadza Zadhoki somuprista panzvimbo
yaAbhiatari.

36 Ipapo mambo akatuma munhu kuti andodana Shimei akati kwaari,
"Zvivakire imba muJerusarema uye ugogaramo, asi usaenda kumwe
kunhu. 37 Musi waunobvamo uchiyambuka Rukova rweKidhironi, ziva
kuti uchafa; ropa rako richava pamusoro pako."

38 Shimei akapindura mambo akati, "Zvamataura zvakanaka. Muranda
wenyu achaita sezvataurwa naishe wangu mambo." Naizvozvo Shimei
akagara muJerusarema kwenguva yakareba.

39 Asi mushure mamakore matatu, varanda vaShimei vaviri vakatiza
vakaenda kuna Akishi mwanakomana waMaaka, mambo weGati, Shimei
akaudzwa kuti, "Varanda vako vari kuGati." 40 Ipapo akasungira chigaro
pambongoro yake akaenda kuna Akishi kuGati kundotsvaga varanda vake.
Naizvozvo Shimei akaenda akandotora varanda vake kubva kuGati.

41 Soromoni akati audzwa kuti Shimei akanga abuda muJerusarema
akaenda kuGati uye kuti akanga adzoka, 42 Mambo akadana Shimei akati
kwaari, "Handina here kukupikisa naJehovha ndikakuyambira ndichiti,
'Nomusi wauchabva uchienda kumwe, ziva kuti uchafa.' Panguva iyoyo
wakati kwandiri, 'Zvamataura zvakanaka. Ndichateerera.' 43 Zvino
sei usina kuchengeta mhiko yako kuna Jehovha nokutevera mutemo
wandakakupa?"

44 Mambo akatiwo kuna Shimei, "Mumwoyo mako unoziva zvose
zvawakatadzira baba vangu Dhavhidhi. Zvino Jehovha achadzosera
kuipa kwako pamusoro pako. 45 Asi Mambo Soromoni acharopafadzwa,
uye chigaro choushe chaDhavhidhi chichasimbiswa pamberi paJehovha
nokusingaperi."

46 Ipapo mambo akarayira Bhenaya mwanakomana waJehoyadha, iye
akaenda akandouraya Shimei.

Naizvozvo umambo hwakasimbiswa muruoko rwaSoromoni.

# 3

*Soromoni anokumbira Uchenjeri*

1 Soromoni akaita ukama naFaro, mambo weIjipiti akawana
mwanasikana wake. Akauya naye kuGuta raDhavhidhi kusvikira apedza
kuvaka muzinda wake netemberi yaJehovha, norusvingo runopoteredza
Jerusarema. 2 Asi, vanhu vakanga vachibayira zvibayiro panzvimbo
dzakakwirira nokuti hapana temberi yakanga yati yavakirwa zita
raJehovha. 3 Soromoni akada Jehovha akafamba nomumitemo yababa
vake Dhavhidhi, asi akabayira nokupisa zvinonhuhwira panzvimbo
dzakakwirira.

4 Zvino mambo akaenda kuGibheoni kundobayira, nokuti ndiyo yaiva
nzvimbo yakakwirira huru, Soromoni akabayira zvipiriso zvinopiswa
zvinokwana chiuru paaritari. 5 PaGibheoni Jehovha akazviratidza
kuna Soromoni usiku muchiroto, Mwari akati, "Kumbira chipi nechipi
chaunoda kuti ndikupe."

6 Soromoni akapindura akati, "Makaratidza muranda wenyu, baba
vangu Dhavhidhi, tsitsi dzenyu huru nokuti akanga akavimbika kwamuri
uye akarurama uye akachena mumwoyo. Muchiri kumuratidza unyoro
hwenyu hukuru uye mamupa mwanakomana kuti agare pachigaro chake
chokutonga iye nhasi.

7 "Zvino, Jehovha Mwari wangu, makaita muranda wenyu mambo
panzvimbo yababa vangu Dhavhidhi. Asi ini ndinongova hangu mwana
mudiki uye handizivi mashandiro andingaita mabasa angu. 8 Muranda
wenyu ari pakati pavanhu venyu vamakasarudza, vanhu vazhinji kwazvo,
vasingagoni kuverengwa nokuwanda kwavo. 9 Naizvozvo ipai muranda
wenyu mwoyo unonzwisisa kuti atonge vanhu venyu, kuti ndikwanise
kuziva zvakanaka nezvakaipa; nokuti ndiani angagone kutonga vanhu
venyu vakawanda kudai?"

10 Jehovha akafara nokuti Soromoni akanga akumbira chinhu ichi.
11 Naizvozvo Jehovha akati kwaari, "Sezvo wakumbira chinhu ichi
ukasazvikumbirira upenyu hurefu kana upfumi, ukasakumbira kuti
vavengi vako vaurayiwe, asi wakumbira kunzwisisa pakutonga zvakaru-
rama, 12 ndichaita zvawakumbira. Ndichakupa mwoyo wakachenjera
unonzwisisa, zvokuti hakuna kumbova nomumwe akafanana newe uye
hakuchazova nomumwe akafanana newe mushure mako. 13 Pamusoro

pezvo, ndichakupawo zvausina kukumbira, zvose upfumi nokukudzwa,
zvokuti muupenyu hwako hapana mumwe anozoenzana newe pakati
pamadzimambo. 14 Kana ukafamba munzira dzangu nokuteerera mitemo
yangu nemirayiro yangu sezvakaita Dhavhidhi baba vako, ndichakupa up-
enyu hurefu." 15 Ipapo Soromoni akamuka, akabva aziva kuti kwakanga
kuri kurota.

Akadzokera kuJerusarema, akamira pamberi peareka yesungano yaJehovha akabayira zvipiriso zvinopiswa, akabayirawo zvipiriso zvokuwadzana. Ipapo akaitira varanda vake vose mutambo.

*Soromoni anotonga noUchenjeri*

16 Zvino vakadzi vaviri vaiva zvifeve vakauya kuna mambo vakamira
pamberi pake. 17 Mumwe wavo akati, "Ishe wangu, mukadzi uyu neni
tinogara muimba imwe chete. Ini ndakapona mwana iye aripowo. 18 Zvino
nezuva rechitatu mushure mokuberekwa kwomwana wangu, mukadzi
uyu akaponawo mwana. Takanga tiri toga; hapana mumwe munhu
akanga ari mumba kunze kwedu isu vaviri.

19 "Usiku ihwohwo mwana womukadzi uyu akafa, nokuti akavata
pamusoro pake. 20 Saka akamuka pakati pousiku akatora mwanakomana
wangu kubva parutivi pangu, ini muranda wenyu ndivete. Akamuisa
pachipfuva chake akaisa mwanakomana wake akafa pachipfuva changu.
21 Pandakamuka mangwanani kuti ndiyamwise mwanakomana wangu
ndakaona kuti akanga afa; asi pandakazotarisisa mangwanani, ndakaona
zviri pachena kuti haasiriye mwanakomana wandakanga ndapona."

22 Asi mukadzi mumwe uya akati, "Kwete, mwanakomana mupenyu
ndowangu, mwanakomana akafa ndowako."

Asi wokutanga akaramba akati, "Kwete, akafa ndowako; mupenyu ndiye wangu." Naizvozvo vakaitirana nharo pamberi pamambo.

23 Ipapo mambo akati, "Mumwe anoti, 'Mwanakomana wangu ndiye
mupenyu, uye mwanakomana wako ndiye akafa,' mumwewo achiti,
'Kwete! Mwanakomana wako ndiye akafa, uye mwanakomana wangu
ndiye mupenyu.' "

24 Ipapo mambo akati, "Nditorerei munondo." Naizvozvo vakauya
nomunondo kuna mambo. 25 Akati, "Chekai mwana mupenyu napakati
mugopa hafu kuno mumwe uye imwe hafu kuno mumwe."

26 Mukadzi aiva nomwana mupenyu akanzwira mwanakomana wake
tsitsi akati kuna mambo, "Ndapota ishe wangu, mupei zvenyu mwana ari
mupenyu! Musamuuraya!"

Asi mumwe wacho akati, "Iwe neni hapana ari kuzomuwana. Muchekei napakati!"

27 Ipapo mambo akapa mutongo wake akati, "Ipai mwana mupenyu
kumukadzi wokutanga. Musamuuraya; ndiye mai vake."

28 VaIsraeri vose vakati vanzwa matongero akanga aita mambo, vakatya
mambo, nokuti vakaona kuti uchenjeri hwaibva kuna Mwari hwaiva
maari, kuti atonge zvakarurama.

# 4

*Machinda aSoromoni*

1 Saka Mambo Soromoni akanga ari mambo weIsraeri yose.

2 Ava ndivo vaiva machinda ake:

Azaria mwanakomana waZadhoki aiva muprista;
3 Erihorefi naAhija, vanakomana vaShisha vaiva vanyori;
Jehoshafati mwanakomana waAhirudhi aiva munyori wenhoroondo dzenyika;
4 Bhenaya mwanakomana waJehoyadha aiva mutungamiri wamauto;
Zadhoki naAbhiatari vaiva vaprista;
5 Azaria mwanakomana waNatani aiva mukuru wavatariri;
Zabhudhi mwanakomana waNatani aiva muprista neshamwari yamambo;
6 Ahishari aiva mutariri womuzinda wamambo;
Adhoniramu, mwanakomana waAbhudha aiva mutariri wechibharo.

7 Soromoni aivawo namachinda gumi navaviri veIsraeri yose vaitsvakira mambo neimba yake zvokudya. Mumwe nomumwe aifanira kutsvaka zvokudya zvomwedzi mumwe chete pagore.

8 Mazita avo aiti:

Bheni-Huri, munyika yamakomo yaEfuremu;
9 Bheni-Dhekeri munyika yeMakazi, Shaaribhimu, Bheti Shemeshi neEroni Bhetihanani;
10 Bheni-Hesedhi muArubhoti (Soko nenyika yose yeHeferi dzaiva dzake).
11 Bheni-Abhinadhabhi, munyika yeNafoti Dhori (aiva awana mwanasikana waSoromoni);
12 Bhaana, mwanakomana waAhirudhi munyika yeTaanaki, Megidho nenyika yose yeBhetisheani iyo iri parutivi peZaretani, zasi kweJezireeri, kubva kuBhetisheani kusvika kuAbherimehora mhiri kweJokomeami;
13 Bheni-Gebheri munyika yeRamoti Gireadhi (misha yaJairi, mwanakomana waManase munyika yeGireadhi yaiva yake, pamwe chete nedunhu reArigobhi munyika yeBhashani namaguta aro makuru makumi matanhatu aiva namasvingo ane masuo endarira);
14 Ahinadhabhi mwanakomana waIdho, munyika yeMahanaimi;
15 Ahimaazi, munyika yaNafutari (akanga awana Bhasemati mwanasikana waSoromoni);
16 Bhaana mwanakomana waHushai, munyika yaAsheri neAroti;
17 Jehoshafati mwanakomana waParua, munyika yaIsakari;
18 Shimei mwanakomana waEra, munyika yaBhenjamini;
19 Gebheri mwanakomana waUri, munyika yeGireadhi (nyika yaSihoni mambo wavaAmori nenyika yaOgi mambo weBhashani). Ndiye aiva mubati oga mudunhu iri.

*Migove yezuva nezuva yaSoromoni*

20 Vanhu veJudha neIsraeri vakanga vakawanda sejecha ramahombekombe egungwa; vakadya, vakanwa uye vakafara.
21 Soromoni akanga ari mambo munyika dzose dzaibva kuYufuratesi kusvikira kunyika yavaFiristia, nokumuganhuwo weIjipiti. Nyika idzi dzakauya nomutero uye dzakashandira Soromoni mazuva ose oupenyu hwake.
22 Zvokudya zvomuzinda waSoromoni zvezuva nezuva zvaiva zviyero makumi matatu* zvefurawa yakatsetseka nezviyero makumi matanhatu†

* **4:22** 4:22 makirorita angaita 6.6 † **4:22** 4:22 makirorita angaita 13.2

zvoupfu, 23 mombe gumi dzakakodzwa, nemombe makumi maviri dzoku-
mafuro, makwai zana, pasingaverengerwi nondo, mhara, mhembwe ne-
huku dzakakodzwa. 24 Nokuti aitonga nyika dzose dziri kumadokero kwer-
wizi rweYufuratesi kubva kuTifisa kusvikira kuGaza, uye akava norugare
kumativi ose. 25 Pamazuva oupenyu hwaSoromoni vaJudha navaIsraeri
vaigara zvakanaka, kubvira kuDhani kusvikira kuBheerishebha, mumwe
nomumwe pasi pomuti wake wamazambiringa nowamaonde.

26 Soromoni aivawo nezvidyiro zvamabhiza engoro dzake zviuru
makumi mana navatasvi vamabhiza zviuru gumi nezviviri.

27 Vatariri vakatsvakira Mambo Soromoni navose vaiuya kuzodya
naMambo Soromoni patafura yake zvokudya, mumwe nomumwe
mumwedzi wake. Vakaona kuti hapana chaishayikwa. 28 Vakauyawo
nebhari nouswa hwamabhiza engoro namamwewo mabhiza kunzvimbo
dzezvaidiwa, mumwe nomumwe zvaakatarirwa.

### *Mukurumbira woUchenjeri hwaSoromoni*

29 Mwari akapa Soromoni uchenjeri, nokunzwisisa kukuru sejecha
rapamahombekombe egungwa. 30 Uchenjeri hwaSoromoni hwakanga
hwakapfuura uchenjeri hwavanhu vose vokumabvazuva, nouchenjeri
hwose hwokuIjipiti. 31 Akanga akachenjera kupfuura vamwe vose;
akachenjera kupfuura Etani muEzrahi, Hemani, Karikori, naDharidha,
vanakomana vaMahori. Mukurumbira wake wakapararira kunyika
dzose dzakapoteredza. 32 Akataura zvirevo zviuru zvitatu, uye dzimbo
dzake dzaikwana chiuru neshanu. 33 Akatsanangura makuriro emiti,
kubvira kumusidhari weRebhanoni kusvikira kumihisopi inokura mu-
madziro. Akadzidzisawo pamusoro pemhuka, shiri, zvinokambaira ne-
hove. 34 Vanhu vakauya vachibva kunyika dzose kuti vazonzwa uchenjeri
hwaSoromoni; vakauya vachitumwa namadzimambo ose enyika akanga
anzwa nezvouchenjeri hwake.

## 5

### *Soromoni anogadzirira kuvaka Temberi*

1 Hiramu mambo weTire akati anzwa kuti Soromoni akanga azodzwa
kuti ave mambo panzvimbo yababa vake Dhavhidhi, akatuma nhume
dzake kuna Soromoni, nokuti Hiramu akanga agara ano ushamwari
naDhavhidhi.
2 Soromoni akatuma shoko kuna Hiramu akati:
3 "Munoziva kuti nokuda kwehondo dzairwisana nababa vangu
Dhavhidhi kubva kumativi ose, haana kuzokwanisa kuvakira Zita
raJehovha Mwari wake temberi, kusvikira Jehovha aisa vavengi vake
pasi petsoka dzake. 4 Asi zvino Jehovha Mwari wangu andipa zororo
kumativi ose, hapachisina muvengi kana dambudziko. 5 Naizvozvo
ndinoda kuvakira zita raJehovha Mwari wangu temberi, sezvo Je-
hovha akati kuna baba vangu Dhavhidhi, 'Mwanakomana wako, uyo
wandichagadza pachigaro choushe panzvimbo yako, achavakira zita
rangu temberi iyi.'
6 "Naizvozvo chirayirai kuti nditemerwe matanda emisidhari yeReb-
hanoni. Vanhu vangu vachashanda pamwe chete navanhu venyu uye
ndichakuripirai mari yamunenge mati iripirwe vanhu venyu. Munoziva
kuti hatina kana munhu mumwe anogona kutema matanda sezvinoitwa
navaSidhoni."

7 Hiramu akati anzwa shoko raSoromoni, akafara zvikuru, uye akati,
"Jehovha ngaarumbidzwe nhasi, nokuti apa Dhavhidhi mwanakomana
ane uchenjeri kuti atonge rudzi rukuru urwu."
8 Saka Hiramu akatuma shoko kuna Soromoni achiti:

"Ndagamuchira shoko ramanditumira navamakatuma uye ndichaita
zvose zvamunoda ndigokupai matanda emisidhari nemisipuresi.
9 Vanhu vangu vachatakura kubva kuRebhanoni kusvika kugungwa,
uye, ndichaayeredza negungwa kunzvimbo yamunenge masarudza.
Ikoko ndichapatsanura kuti mugogona kuatora moenda nawo. Imi
mugondiitirawo chishuvo changu mugopa muzinda wangu zvokudya."

10 Nenzira iyi Hiramu akapa Soromoni matanda ose emisidhari
nemisipuresi aaida, 11 uye Soromoni akapa Hiramu zviyero zviuru
makumi maviri* zvegorosi kuti zvidyiwe mumuzinda wake, pamwe chete
nezviyero makumi maviri† zvamafuta omuorivhi akasvinwa zvakakwana.
Soromoni akaramba achiitira Hiramu zvinhu izvi gore negore. 12 Jehovha
akapa Soromoni uchenjeri, sezvaakanga amuvimbisa. Pakati paHiramu
naSoromoni pakava norugare, uye vaviri ava vakanyorerana chibvumi-
rano.
13 Mambo Soromoni akaunganidza vanhu vechibharo muIsraeri yose,
vanhu zviuru makumi matatu. 14 Akavatumira kuRebhanoni, zviuru gumi
pamwedzi, zvokuti vaipedza mwedzi mumwe chete vari kuRebhanoni
nemwedzi miviri vari kumusha. Adhoniramu ndiye aiva mukuru wechib-
haro. 15 Soromoni aiva navatakuri vezvinhu zviuru makumi manomwe
uye vavezi vamatombo zviuru makumi masere mumakomo, 16 pamwe
chete navatariri vebasa zviuru zvitatu namazana matatu vaitungamirira
basa nokuudza vashandi zvokuita. 17 Mambo akarayira vakaputsa
matombo makuru kwazvo, anokosha, kuti vavake hwaro hwetemberi
namatombo akavezwa. 18 Vavaki vaSoromoni, navavaki vaHiramu
navaGebhari vakaveza matanda namatombo okuvakisa temberi.

# 6

*Soromoni anovaka Temberi*

1 Zvino mugore ramazana mana namakumi masere mushure mokubuda
kwavaIsraeri munyika yeIjipiti, mugore rechina rokubata ushe kwa-
Soromoni pamusoro peIsraeri, mumwedzi waZivhi, unova mwedzi
wechipiri, akatanga kuvaka temberi yaJehovha.
2 Temberi yakavakirwa Jehovha naMambo Soromoni yakanga yakareba
makubhiti makumi matanhatu*, ina makubhiti makumi maviri† pau-
pamhi hwayo, ina makubhiti makumi matatu‡ pakukwirira kwayo ku-
musoro. 3 Biravira raiva mberi kweimba huru yetemberi rakawedz-
era upamhi hwetemberi hwamakubhiti makumi maviri§ uye rakanga
rakapfuurira mberi kwetemberi namakubhiti gumi*. 4 Akaitira temberi
iyi mawindo ane upamhi hudiki. 5 Pamadziro eimba huru neeimba
tsvene yomukati akavaka chivakwa chakapoteredza imba, chaiva nedz-
imwe dzimba kumativi. 6 Imba yapasi yaiva noupamhi hwamakubhiti
mashanu†, imba yapakati yaiva noupamhi hwamakubhiti matanhatu‡ uye

* **5:11** 5:11 makirorita angaita 4400 † **5:11** 5:11 makirorita angaita 440 * **6:2** 6:2 mamita angaita 27 † **6:2** 6:2 mamita angaita 9 ‡ **6:2** 6:2 mamita angaita 13.5 § **6:3** 6:3 mamita angaita 9 * **6:3** 6:3 mamita angaita 4.5 † **6:6** 6:6 mamita angaita 2.3, uyewo nomundima 10 ne 24 ‡ **6:6** 6:6 mamita angaita 2.7

imba yechitatu yaiva namakubhiti manomwe§. Nechokunze akavaka zvitakuriso kumativi kuti matanda arege kupinda mukati mamadziro etemberi.
7 Pakuvaka madziro etemberi mabwe akanga avezwa chete ndiwo akashandiswa, uye hapana kunzwikwa kurira kwesando kana mbezo kana mumwe mudziyo patemberi payakanga ichivakwa.
8 Musuo weimba yapakati waiva kuchamhembe kwetemberi, paiva namatanho aienda kuimba yapasi, achizobva kuimba yapakati achienda
kune yechitatu. 9 Naizvozvo akavaka temberi, uye akaipedza, akaturika
denga ramatanda namapuranga emisidhari. 10 Uye akavaka dzimba pamadziro etemberi yose. Imwe neimwe yakanga yakareba makubhiti mashanu, uye dzakanga dzakabatanidzwa netemberi namatanda emisidhari.
11 Zvino shoko raJehovha rakasvika kuna Soromoni richiti, 12 "Pane zvetemberi iyi yauri kuvaka, kana ukatevera mitemo yangu, ukaita zvandakatema, uye ukachengeta mirayiro yangu yose nokuiteerera, ipapo ndichazadzisa chivimbiso changu newe, chandakavimbisa baba vako
Dhavhidhi. 13 Uye ndichagara pakati pavaIsraeri, uye handizorasi vanhu vangu vaIsraeri."
14 Saka Soromoni akavaka temberi akaipedza. 15 Akaisa mapuranga emisidhari pamadziro etemberi nomukati, akaaroverera kubvira pasi kusvikira kumusoro, uye pasi pose pakanga pane mapuranga
emusipuresi. 16 Akakamura necheshure kwetemberi chimwe chikamu
chakanga chakareba makubhiti makumi maviri*, namapuranga emusidhari kubva pasi kusvika kumusoro kuti chive nzvimbo tsvene yomukati
metemberi, Nzvimbo Tsvene-tsvene. 17 Imba huru yakanga iri pamberi
peimba iyi yakanga yakareba makubhiti makumi mana†. 18 Mukati metemberi makaitwa nemisidhari yakavezwa mifananidzo yemikombe namaruva akazaruka. Zvose zvaiva misidhari chete, hapana dombo raionekwa.
19 Akagadzira nzvimbo tsvene yomukati, mukatikati metemberi, kuti
agogadzikapo areka yesungano yaJehovha. 20 Mukati menzvimbo tsvene yomukati makanga makareba makubhiti makumi maviri, uye upamhi hwayo makubhiti makumi maviri‡, uye makareba makubhiti makumi maviri pakukwirira kwamo mudenga. Akafukidza mukati mose negoridhe rakaisvonaka, uye akafukidzawo aritari namapuranga
omusidhari. 21 Soromoni akafukidza mukati metemberi yose negoridhe rakaisvonaka, uye akaisa ngetani dzegoridhe dzakachinjika pamberi penzvimbo tsvene yomukati, iyo yakanga yakafukidzwa mukati mose
negoridhe. 22 Saka akafukidza mukati mose negoridhe. Akafukidzawo aritari yenzvimbo tsvene yomukati negoridhe.
23 Akaita makerubhi maviri omuti womuorivhi, rimwe nerimwe
rakareba makubhiti gumi§, munzvimbo tsvene yomukati. 24 Bapiro
rimwe chete rekerubhi rokutanga rakanga rakareba makubhiti mashanu, uye rimwe bapiro rakanga rakareba makubhiti mashanu, makubhiti gumi kubva pamuromo perimwe bapiro kusvika pamuromo perimwe
bapiro. 25 Kerubhi rechipiri rakanga rakarebawo makubhiti gumi, nokuti makerubhi maviri aya akanga akafanana pakukura namaumbirwo.
26 Kerubhi rimwe nerimwe rakanga rakareba makubhiti gumi. 27 Akaisa

§ **6:6** 6:6 mamita angaita 3.2 * **6:16** 6:16 mamita angaita 9 † **6:17** 6:17 mamita angaita 18
‡ **6:20** 6:20 mamita angaita 9 § **6:23** 6:23 mamita angaita 4.5

makerubhi munzvimbo yomukatikati metemberi, mapapiro amakerubhi
akatambanudzwa. Bapiro rerimwe kerubhi raiguma mamwe madziro,
bapiro rerimwe richiguma mamwe madziro uye mamwe mapapiro awo
aigumana pakati peimba. 28 Akafukidza makerubhi negoridhe.

29 Akaveza mifananidzo yamakerubhi, yemiti yemichindwe neya-
maruva akazaruka, pamadziro ose akatenderedza mudzimba dzomukati
nedzimba dzokunze. 30 Akafukidzawo pasi pedzimba dzomukati nedz-
imba dzokunze dzetemberi negoridhe.

31 Akagadzirira musuo wenzvimbo tsvene yomukati makonhi omuti
womuorivhi; chivivo chapamusoro namagwatidziro zvaiva namativi
mashanu. 32 Pamakonhi maviri aya omuti womuorivhi akaveza mi-
fananidzo yamakerubhi, yemiti yemichindwe neyamaruva akazaruka,
akafukidza makerubhi nemiti yemichindwe negoridhe rakarohwa.
33 Nenzira imwe cheteyo akagadzirirawo musuo weimba huru chivivo
namagwatidziro zvomuti womuorivhi zvakanga zvine mativi mana.
34 Akaitawo makonhi maviri omuti womusipuresi, mapenga maviri egonhi
rimwe aigona kupetwa, uye mapenga maviri erimwe gonhi aigona
kupetwa. 35 Akaveza makerubhi, miti yemichindwe namaruva akazaruka
paari, akazvifukidza negoridhe rakarohwa zvakaenzanirana pamusoro
pezvakavezwa.

36 Uye akavaka chivanze chomukati chine hwaro hutatu hwamatombo
akavezwa, nehwaro humwe chete hwamatanda omusidhari.

37 Hwaro hwetemberi yaJehovha hwakavakwa mugore rechina,
mumwedzi waZivhi. 38 Mugore regumi nerimwe mumwedzi waB-
huri, mwedzi worusere, temberi yakapera kuvakwa yose sezvayakanga
yakafanira kuitwa. Akapedza makore manomwe achiivaka.

# 7

*Soromoni anovaka Muzinda Wake*

1 Zvisinei, zvakatorera Soromoni makore gumi namatatu kuti apedze
kuvaka muzinda wake. 2 Akavaka Muzinda weSango reRebhanoni
wakanga wakareba makubhiti zana[*], upamhi hwawo huri makubhiti
makumi mashanu[†], namakubhiti makumi matatu[‡] pakukwirira kwawo
mudenga, akaivaka pamusoro pemitsara mina yembiru dzemisidhari na-
matanda emisidhari akavezwa pamusoro pembiru. 3 Wakanga une denga
remisidhari rakanga riri pamusoro pamatanda akanga akagadzikwa pa-
musoro pembiru yamatanda makumi mana namashanu, gumi namashanu
mumutsara mumwe chete. 4 Mawindo awo akanga ari pamusoro, ari
matatu, akatarisana. 5 Makonhi ose namagwatidziro zvaiva namativi
mana; akanga ari nechemberi ari matatu matatu, akatarisana.

6 Akaita imba yembiru yakanga yakareba makubhiti makumi mashanu[§]
iine upamhi hwamakubhiti makumi matatu[*]. Pamberi payo paiva
nebiravira, pamberi parowo paine mbiru nedenga rakarembera.

7 Akavakawo imba yechigaro chokutonga, Imba Yokururamisira, umo
maaizotongera nyaya, uye akaifukidza nemisidhari kubva pasi kusvikira
kumusoro. 8 Muzinda wake waaizogara necheseri, wakanga wakavakwa

* **7:2** 7:2 mamita angaita 46 † **7:2** 7:2 mamita angaita 23 ‡ **7:2** 7:2 mamita angaita 13.5
§ **7:6** 7:6 mamita angaita 23 * **7:6** 7:6 mamita angaita 13.5

zvimwe chetezvo. Soromoni akavakirawo mwanasikana waFaro, uyo
waakanga awana, muzinda wakafanana nouyu.
9 Dzimba dzose idzi, kubva kunze kusvikira kuchivanze chikuru,
nokubva pahwaro kusvikira paberevere, dzakanga dziri dzamatombo
anokosha, akavezwa zvakaenzanirana, uye akachekwa nejeko kunze
nomukati. 10 Hwaro hwakanga hwakavakwa namatombo makuru
anokosha, mamwe akareba makubhiti gumi†, mamwe makubhiti masere‡.
11 Pamusoro paiva namatombo anokosha, akavezwa zvakaenzanirana,
namatanda emisidhari. 12 Chivanze chikuru chaiva chakapoteredzwa
norusvingo rwakanga rune mitsara mitatu yamatombo akavezwa no-
mutsara mumwe chete wamatanda omusidhari akanyatsovezwa, zvimwe
chetezvo zvakanga zvakaita chivanze chomukati chetemberi yaJehovha
nebiravira rayo.

### *Midziyo yomuTemberi*

13 Zvino Mambo Soromoni akatuma vanhu kundotora Hiramu kuTire.
14 Hiramu aiva mwanakomana wechirikadzi yorudzi rwaNafutari, baba
vake vari veTire, mupfuri wendarira. Hiramu akanga azere nounyanzvi,
uye aino ruzivo rwezvamabasa ose endarira. Akauya kuna Mambo
Soromoni akaita basa rose raakapiwa.
15 Akavaka mbiru mbiri dzendarira, imwe neimwe yakanga yakareba
makubhiti gumi namasere§, uye yaipoteredzwa netambo yakareba
makubhiti gumi namaviri* pakuyera. 16 Akaitawo misoro yembiru
yendarira yakanyungurutswa miviri, yokugadzika pamusoro pembiru,
musoro mumwe nomumwe wakanga wakareba makubhiti mashanu†
pakukwirira kwawo. 17 Mimbure yengetani dzakarukwa yaiva yakashon-
gedza misoro yaiva pamusoro pembiru, minomwe pamusoro pomumwe
nomumwe. 18 Akaitawo matamba mumitsara miviri yakapoteredza
mumbure mumwe nomumwe kuti ishongedze misoro yaiva pamusoro
pembiru. Akaita zvimwe chetezvo pamusoro pomumwe nomumwe.
19 Misoro yaiva pamusoro pembiru pabiravira yakanga yakaumbwa
samaruva amahapa, yakareba makubhiti mana‡ pakukwirira kwayo.
20 Pamusoro pemisoro yembiru mbiri idzi, nechapamusoro pedumbu
rakanga riri parutivi pomumbure, paiva namatamba mazana maviri
mumitsara yakapoteredza. 21 Akamisa mbiru pabiravira retemberi. Mbiru
yezasi akaitumidza zita rokuti Jakini uye yokumusoro akaitumidza kuti
Bhoazi. 22 Pamusoro pembiru paiva nezvishongo zvakafanana namaruva
amahapa. Saizvozvo basa rapambiru rakapera.
23 Akaita Gungwa reNdarira yakanyauswa, redenderedzwa rakanga
rine upamhi hwamakubhiti gumi§ pamuromo, uye rakareba makubhiti
mashanu pakukwirira kwaro. Zvaitora tambo yakareba makubhiti
makumi matatu* kuti iripoteredze pakuyera. 24 Pasi pomuromo waro
pakanga pane mapfundo akapoteredza, ari gumi pakubhiti, achipoteredza
gungwa. Mapfundo aya akaumbwa akanga ari mumitsara miviri, pamwe
chete neGungwa.
25 Gungwa rakanga rimire pahando gumi nembiri, nhatu dzakatarisa
kumusoro, nhatu kumadokero, nhatu zasi nenhatu kumabvazuva.

---

† **7:10** 7:10 mamita angaita 4.5 ‡ **7:10** 7:10 mamita angaita 3.7 § **7:15** 7:15 mamita angaita 8.2 * **7:15** 7:15 mamita angaita 5.5 † **7:16** 7:16 mamita angaita 2.3 uyewo nomundima 23 ‡ **7:19** 7:19 mamita angaita 1.8 § **7:23** 7:23 mamita angaita 4.5 * **7:23** 7:23 mamita angaita 13.7

Gungwa rakanga rigere pamusoro padzo, uye shure kwadzo kwakanga
kwakatarisa pakati. 26 Ukobvu hwaro hwaikwana upamhi hwechanza
chomunhu†, uye muromo waro wakanga wakafanana nomuromo wekapu,
seruva ramahapa. Mukati maro maikwana mabhati zviuru zviviri‡.

27 Akaitawo zvigadziko gumi zvendarira zvaiva namavhiri endarira
gumi; chimwe nechimwe chakanga chakareba makubhiti mana§, upamhi
huri makubhiti mana nokukwirira kwacho kuri makubhiti matatu*.
28 Zvigadziko izvi zvakanga zvakaitwa seizvi: pakati pembiru dzezvi-
gadziko paiva namagwatidziro mumativi. 29 Pamagwatidziro aya pakati
pembiru paiva neshumba, hando namakerubhi, uyewo napambiru. Pa-
musoro napasi peshumba nehando paiva nezvishongo zvamaruva zven-
darira. 30 Chigadziko chimwe nechimwe chaiva namavhiri mana endarira
ane maekesero endarira, uye imwe neimwe yaiva nedhishi rakanga riri
pamusoro pezvitsigiro zvina, zvakaumbwa zviine zvishongo zvamaruva
kurutivi rumwe norumwe. 31 Nechomukati mechigadziko maiva negomba
rakanga riri redenderedzwa rakadzika zvinosvika kubhiti rimwe chete†.
Gomba iri rakanga riri redenderedzwa, uye nechigadziko charo raikwana
kubhiti nehafu‡. Pamuromo paro paiva nezvinyorwa. Magwatidziro
akanga ane mativi akaenzana, asiri edenderedzwa. 32 Mavhiri mana
aiva pasi pamagwatidziro, uye maekesero amavhiri aiva akabatana
netafura. Vhiri rimwe nerimwe raiva noupamhi hwekubhiti rimwe chete
nehafu. 33 Mavhiri akanga akagadzirwa sokugadzirwa kwamavhiri engoro
dzamabhiza; maekesero, marimu, zvipokisi namahabhu zvose zvaiva
zvakagadzirwa nendarira.

34 Chigadziko chimwe nechimwe chaiva nemibato mina, pakona imwe
neimwe, uye yaibudikira kubva pachigadziko. 35 Pamusoro pechigadziko
paiva nechitenderere chakanga chakadzika zvinosvika hafu yekubhiti§.
Zvitsigiro namagwatidziro zvakanga zvakanamatidzwa pamusoro pechi-
gadziko. 36 Akaveza makerubhi, shumba nemiti yemichindwe pazvitsigiro
namagwatidziro, napose paigona kuvezwa, nezvishongo zvamaruva ku-
mativi ose. 37 Aya ndiwo magadziriro aakaita zvigadziko gumi. Zvose
zvakanga zvakafanana pakuumbwa kwazvo, zvakaenzana pakukura na-
pamaumbirwo.

38 Ipapo akaita madhishi endarira gumi, rimwe nerimwe richipinda
mabhati makumi mana* uye rakafara makubhiti mana, dhishi rimwe
chete richizoiswa pachigadziko chimwe nechimwe chezvigadziko gumi.

39 Akaisa zvigadziko zvishanu zasi kwetemberi, zvishanu kumusoro.
Akaisa Gungwa kurutivi rwezasi, zasi kwakadziva kumabvazuva kwetem-
beri. 40 Hiramu akaitawo poto, foshoro namadhishi.

Saka Hiramu akapedza basa rose raakaitira Mambo Soromoni mutem-
beri yaJehovha:

41 mbiru mbiri;
misoro miviri yedenderedzwa pamusoro pembiru;
mimbure miviri yakarukwa yaishongedza misoro miviri yedenderedzwa yaiva pamusoro pembiru;

---

† **7:26** 7:26 masendimita angaita 8 ‡ **7:26** 7:26 makiromita angaita 44 § **7:27** 7:27 mamita angaita 1.8 * **7:27** 7:27 mamita angaita 1.4 † **7:31** 7:31 0.5 yemita ‡ **7:31** 7:31 0.7 yemita, uyewo nomundima 32 § **7:35** 7:35 0.2 yemita * **7:38** 7:38 marita angaita 880

42 matamba mazana mana emimbure miviri (mitsara miviri yamatamba pamumbure mumwe chete, kuti ishongedze misoro yedenderedzwa yaiva pamusoro pembiru);
43 zvigadziko gumi namadhishi azvo gumi;
44 Gungwa nehando gumi nembiri pasi paro;
45 poto, foshoro namadhishi.

Zvinhu zvose izvi zvakaitirwa Mambo Soromoni mutemberi maJehovha
naHiramu zvaiva zvendarira yakabwinyiswa. 46 Mambo akaita kuti zvi-
umbwe nevhu rokuumba pabani reJorodhani pakati peSukoti neZaretani.
47 Soromoni haana kuyera zvinhu zvose izvi nokuti zvakanga zvakawanda
kwazvo; uremu hwendarira hahuna kuzivikanwa.
48 Soromoni akaitawo midziyo yose yaiva mutemberi maJehovha:

aritari yegoridhe;
tafura yegoridhe yaiva nechingwa choKuratidza, pamusoro payo;
49 zvigadziko zvemwenje zvegoridhe rakaisvonaka (zvishanu kurudyi nezvishanu kuruboshwe pamberi penzvimbo tsvene yomukati);
maruva, mwenje nembato, zvegoridhe;
50 makapu, zvidzimiso zvemwenje, madhishi, madhishi ezvinonhuhwira nezvaenga zvomoto, zvegoridhe rakaisvonaka;
zvibato zvamakonhi ekamuri yomukatikati memba, Nzvimbo Tsvene-tsvene, namakonhi eimba huru, zvakanga zviri zvegoridhe.

51 Zvino basa rose rakaitwa naMambo Soromoni patemberi yaJehovha parakapera, Soromoni akauyisa zvinhu zvakanga zvakumikidzwa nababa vake Dhavhidhi, midziyo yesirivha negoridhe, akazvichengeta mumatura epfuma yetemberi yaJehovha.

# 8

*Areka inouyiswa kuTemberi*

1 Ipapo Soromoni akaunganidza pamberi pake vakuru veIsraeri na-
vatungamiri vamarudzi muJerusarema namadzishe emhuri dzavaIsraeri,
kuti vauyise areka yesungano yaJehovha kubva kuZioni, Guta raD-
havhidhi. 2 Vanhu vose veIsraeri vakaungana pana Mambo Soromoni pan-
guva yomutambo mumwedzi waEtanimi, unova mwedzi wechinomwe.
3 Vakuru vose veIsraeri vakati vasvika, vaprista vakatakura areka,
4 uye vakauyisa areka yaJehovha, neTende Rokusangana nemidziyo yose
yakatsaurwa yaiva mairi. Vaprista navaRevhi vakazvitakura, 5 uye Mambo
Soromoni neungano yose yeIsraeri yakanga yaungana paari, vakanga
vanaye pamberi peareka, vachibayira makwai nehando zvakawanda
zvokuti zvakanga zvisingagoni kuverengwa nokuwanda kwazvo.
6 Ipapo vaprista vakatakura areka yesungano yaJehovha vakaenda nayo
kunzvimbo yayo munzvimbo tsvene yomukati metemberi, muNzvimbo
Tsvene-tsvene, vakaigadzika pasi pamapapiro amakerubhi. 7 Makerubhi
akatambanudza mapapiro awo pamusoro penzvimbo yeareka uye aka-
fukidza areka namatanda ayo okutakurisa. 8 Matanda aya akanga akareba
zvokuti miromo yawo yaionekwa munhu ari paNzvimbo Tsvene pamberi
penzvimbo tsvene yomukati, asi kwete munhu ari kunze kweNzvimbo
Tsvene; uye achiripo nanhasi. 9 Muareka makanga musina chinhu
kunze kwamahwendefa maviri amabwe ayo akanga aiswamo naMozisi

paHorebhi, Jehovha paakaita sungano navaIsraeri mushure mokunge
vabuda muIjipiti.
10 Vaprista vakati vabuda paNzvimbo Tsvene, gore rakazadza temberi
yaJehovha. 11 Uye vaprista vakatadza kuita shumiro yavo nokuda
kwegore, nokuti kubwinya kwaJehovha kwakazadza temberi yaJehovha.
12 Ipapo Soromoni akati, "Jehovha ati anoda kugara mukati merima
guru; 13 zvirokwazvo ndakuvakirai temberi yakanakisisa, nzvimbo ya-
mungagara nokusingaperi."
14 Ungano yose yaIsraeri imire ipapo, mambo akatendeukira kwavari
akavaropafadza. 15 Zvino akati:

"Ngaarumbidzwe Jehovha, Mwari waIsraeri, uyo ashandisa ruoko
rwake kuzadzisa zvaakavimbisa nomuromo wake kuna baba vangu
Dhavhidhi. 16 Nokuti akati, 'Kubvira pazuva randakabudisa vanhu
vangu Israeri kubva muIjipiti, handina kusarudza guta rorudzi rupi
rweIsraeri kuti ndivake temberi, kuti Zita rangu rive ipapo, asi
ndakasarudza Dhavhidhi kuti atonge vanhu vangu Israeri.'
17 "Baba vangu Dhavhidhi, mumwoyo mavo vaida kuvakira Zita
raJehovha, Mwari weIsraeri, temberi. 18 Asi Jehovha akati kuna baba
vangu Dhavhidhi, 'Nokuti zvakanga zviri mumwoyo mako kuti uvakire
Zita rangu temberi, wakaita zvakanaka kuva naizvozvo mumwoyo
mako. 19 Kunyange zvakadaro, iwe hausi kuzovaka temberi iyi,
asi mwanakomana wako, wauchabereka ndiye achavakira Zita rangu
temberi.'
20 "Jehovha achengeta chivimbiso chaakaita: ini ndatevera panzvimbo
yababa vangu Dhavhidhi, uye zvino ndigere pachigaro chokutonga
chaIsraeri, sokuvimbisa kwakaita Jehovha, uye ndavakira Zita raJe-
hovha, Mwari weIsraeri, temberi. 21 Imomo ndakagadzira nzvimbo
yeareka, iyo ine sungano yaJehovha yaakaita namadzibaba edu paakav-
abudisa kubva muIjipiti."

### *Munyengetero waSoromoni woKukumikidza*

22 Ipapo Soromoni akamira pamberi pearitari yaJehovha pamberi
peungano yose yaIsraeri, akatambanudza maoko ake kudenga, 23 akati,

"Jehovha, Mwari weIsraeri, hakuna mumwe Mwari akaita semi ku-
musoro kudenga kana pasi panyika, imi munochengeta sungano yorudo
yavaranda venyu vanofamba pamberi penyu nomwoyo wavo wose.
24 Makachengeta chivimbiso chenyu kumuranda wenyu Dhavhidhi baba
vangu; makavimbisa nomuromo wenyu uye mazvizadzisa noruoko
rwenyu sezvazvirí nhasi.
25 "Zvino Jehovha, Mwari waIsraeri, chengeterai muranda wenyu
Dhavhidhi baba vangu, zvivimbiso zvamakamuitira pamakati, 'Pamberi
pangu hapangazoshayikwi munhu anokutevera pachigaro choushe
cheIsraeri, kana vana vako vakachenjera pane zvose zvavanoita,
vakafamba pamberi pangu sezvawakaita iwe.' 26 Naizvozvo zvino,
haiwa Mwari waIsraeri, ndinokumbira kuti shoko renyu ramakavimbisa
kumuranda wenyu Dhavhidhi baba vangu riitike.
27 "Chingava chokwadi here kuti Mwari angagara panyika? Tari-
rai, matenga kana nokudengadenga hazvingagoni kukukwanai. Ko,
kuzoti temberi iyi yandakuvakirai! 28 Kunyange zvakadaro, teererai
munyengetero womuranda wenyu nokukumbira kwake, haiwa Jehovha
Mwari wangu. Inzwai kudanidzira nomunyengetero uri kuitwa nomu-
randa wenyu pamberi penyu nhasi. 29 Meso enyu ngaarambe akatarisa

temberi iyi usiku namasikati, nzvimbo iyi yamakataura muchiti, 'Zita
rangu richavapo,' kuti muzonzwa munyengetero unonamatwa nomu-
randa wenyu akatarisa kunzvimbo ino. 30 Inzwai kukumbira kwom-
uranda wenyu, nokwavanhu venyu Israeri pavanozonamata vakatarisa
kunzvimbo ino. Inzwai muri kudenga kwamunogara, uye kana manzwa
mugoregerera.

31 "Kana munhu achinge atadzira muvakidzani wake, akanzi apike
mhiko uye akauya akapika mhiko pamberi pearitari yenyu mutemberi
ino, 32 ipapo inzwai muri kudenga uye muwane zvamunoita. Tongai
pakati pavaranda venyu, mupe mhosva kumutadzi nokuisa pamu-
soro wake iye zvaanenge aita. Mururamisire akarurama nokumupa
zvakafanira kururama kwake.

33 "Kana vanhu venyu Israeri vachinge vakundwa navavengi vavo,
nokuti vakutadzirai, uye vakadzokazve kwamuri, vakapupura zita
renyu, vakanamata nokukumbira kwamuri mutemberi, ino, 34 ipapo
inzwai muri kudenga mugoregerera chivi chavanhu venyu Israeri, uye
mugovadzosera kunyika yamakapa madzibaba avo.

35 "Kana denga richinge razarirwa mvura ikasanaya nokuti vanhu
venyu vakutadzirai, pavanonamata vakatarisa kunzvimbo ino, uye
vakapupura zita renyu, vakatendeuka kubva kuchivi chavo nokuti
mavaranga, 36 ipapo inzwai muri kudenga uye mugoregerera chivi
chavaranda venyu, vanhu venyu Israeri. Vadzidzisei nzira yakanaka
yavanofanira kurarama nayo, uye nayisai mvura panyika yamakapa
vanhu venyu kuti ive nhaka yavo.

37 "Kana nzara kana denda zvikauya panyika, kana nyunje, kana
muhuvhe, mhashu, kana ndongwe kana muvengi wavo akavakomba
mune ripi zvaro ramaguta avo, zvisinei kuti inyatwa ipi kana kuti idenda
ripi rauya, 38 uye, kana munyengetero kana chikumbiro chaitwa naani
zvake wavanhu venyu Israeri, mumwe nomumwe achiziva zvinomu-
tambudza mumwoyo make, akatambanudzira maoko ake kutemberi ino,
39 ipapo inzwai muri kudenga kwamunogara. Regererai mugowana zva-
munoita; mugoitira mumwe nomumwe maererano nazvose zvaanoita,
sezvo muchiziva mwoyo wake (nokuti imi chete ndimi munoziva zviri
mumwoyo momunhu wose), 40 kuti vakutyei mazuva ose avanorarama
panyika yamakapa madzibaba edu.

41 "Zvino kana ari mutorwa, asiri wavanhu venyu Israeri asi
anouya achibva kunyika iri kure nokuda kwezita renyu, 42 nokuti
vanhu vachanzwa nezvezita renyu guru, ruoko rwenyu rune
simba noruoko rwenyu rwakatambanudzwa, paanouya akanyengetera
akatarisa kutemberi ino, 43 ipapo inzwai muri kudenga kwamunogara,
uye mugoita chinhu chipi nechipi chinokumbirwa kwamuri nomutorwa
uyu, kuti marudzi ose enyika azive zita renyu uye agokutyai, sezvi-
noitwa navanhu venyu Israeri, uye kuti vazive kuti imba ino yandavaka
ine Zita renyu.

44 "Kana vanhu venyu vakaenda kundorwa navavengi vavo, kwose
kwamunovatuma, uye pavanonyengetera kuna Jehovha vakatarisa
kuguta ramakasarudza netemberi yandavakira Zita renyu, 45 ipapo
muri kudenga, inzwai munyengetero wavo nechikumbiro chavo, uye
mugovabatsira pane zvavanorwira.

46 "Kana vakakutadzirai, nokuti hakuna munhu asingatadzi, imi
mukavatsamwira, mukavaisa mumaoko omuvengi, uye akavaita
nhapwa munyika yake, kure kana pedyo; 47 uye kana vakapinduka

pamwoyo munyika umo mavari nhapwa, uye vakatendeuka nokudemba
kwamuri munyika yavatapi vavo, vakati, 'Takaita, zvakaipa zvisakaru-
rama;' 48 uye kana vakadzokera kwamuri nomwoyo nomweya wavo
wose munyika yavavengi vavo avo vakavatapa vakanyengetera kwa-
muri vakatarisa kunyika yamakapa madzibaba avo, vakatarisa kuguta
ramakasarudza netemberi yandavakira Zita renyu; 49 ipapo, muri
kudenga, kwamunogara, inzwai munyengetero wavo nechikumbiro
chavo, uye mugovabatsira pane zvavanorwira. 50 Muregerere vanhu
venyu, vakakutadzirai; muvaregerere pamhosva dzose dzavakapara
kwamuri, mugoita kuti vakavatapa vavanzwire tsitsi; 51 nokuti vanhu
venyu nenhaka yenyu vamakabudisa kubva muIjipiti, vira romoto.

52 "Meso enyu ngaaone chikumbiro chomuranda wenyu
nechikumbiro chavanhu venyu Israeri, uye muteerere kwavari nguva
dzose pavanochema kwamuri. 53 Nokuti makavasarudza pamarudzi
ose enyika kuti vave nhaka yenyu, sezvamakataura nokumuranda
wenyu Mozisi, imi Jehovha Mwari, pamakabudisa madzibaba edu
kubva muIjipiti."

### *Soromoni anoropafadza Ungano yaIsraeri*

54 Zvino Soromoni akati apedza munyengetero uyu wose nokukumbira
uku kuna Jehovha, akasimuka achibva pamberi pearitari yaJehovha,
paakanga akapfugama namabvi ake, maoko ake akatambanudzirwa
kudenga. 55 Akamira akaropafadza ungano yose yeIsraeri nenzwi guru
akati:

56 "Jehovha ngaarumbidzwe, iye akapa zororo kuvanhu vake Israeri
sezvaakavimbisa chaizvoizvo. Hapana kana shoko rimwe chete risina
kuitika pazvivimbiso zvose zvakanaka zvaakapa nokumuranda wake
Mozisi. 57 Jehovha Mwari wedu ngaave nesu sezvaaiva namadzibaba
edu; ngaarege kuzotisiya kana kutirasa. 58 Ngaaite kuti mwoyo
yedu yose ive yake, kuti tifambe munzira dzake dzose tichichengeta
mirayiro, mitemo nezvaakareva izvo zvaakapa madzibaba edu. 59 Zvino
mashoko angu aya, andanyengetera pamberi paJehovha, ngaave pedyo
naJehovha Mwari wedu masikati nousiku, kuti asimudzire zvinorwirwa
nomuranda wake nezvinorwirwa navanhu vake Israeri nezvinenge
zvichidiwa zuva nezuva, 60 kuti vanhu vose vapanyika vazive kuti
Jehovha ndiMwari, uye kuti hakuna mumwe. 61 Asi mwoyo yenyu
inofanira kuva yakapiwa zvachose kuna Jehovha Mwari wedu, kuti
murarame nemitemo yake uye muteerere mirayiro yake sezvamuri
kuita iye zvino."

### *Kukumikidzwa kweTemberi*

62 Zvino mambo navaIsraeri vose vakabayira zvibayiro pamberi pa-
Jehovha. 63 Soromoni akabayira chibayiro chezvipiriso zvokuwadzana
kuna Jehovha; zviuru makumi maviri nezviviri zvemombe nezviuru zana
namakumi maviri zvamakwai nembudzi. Saizvozvo mambo navaIsraeri
vose vakakumikidza temberi yaJehovha.

64 Musi iwoyo mambo akakumikidza chikamu chapakati chechivanze
chaiva pamberi petemberi yaJehovha, uye ndipo paakabayira zvipiriso
zvinopiswa, zvipiriso zvezviyo, namafuta ezvipiriso zvokuwadzana nokuti
aritari yendarira yaiva pamberi paJehovha yakanga yakanyanya kuita
duku kuti ikwane zvipiriso zvinopiswa, zvipiriso zvezviyo, namafuta
ezvipiriso zvokuwadzana.

[65] Saka Soromoni akaita mutambo uyu panguva iyoyo, neIsraeri yose pamwe chete naye, ungano huru kwazvo, vanhu vachibva kuRebho Hamati vachisvika kuWadhi yeIjipiti. Vakaupemberera pamberi paJehovha Mwari wedu kwamazuva manomwe namamwe manomwe pamu-
soro, mazuva gumi namana pamwe chete. [66] Pazuva rakatevera akaita
kuti vanhu vaende. Vanhu vakaropafadza mambo vakaenda kumisha yavo vane rufaro mumwoyo mavo nokuda kwezvinhu zvakanaka zvose Jehovha zvaakanga aitira muranda wake Dhavhidhi navanhu vake Israeri.

# 9

*Jehovha anozviratidza kuna Soromoni*

[1] Zvino Soromoni akati apedza kuvaka temberi yaJehovha nomuzinda
wamambo nezvose zvaaida kuvaka, [2] Jehovha akazviratidza kwaari
kechipiri, sezvaakazviratidza kwaari paGibheoni. [3] Jehovha akati kwaari:
"Ndanzwa munyengetero wako nechikumbiro chako chawaita pamberi pangu; temberi iyi yawavaka ndaiita tsvene, nokuisa Zita rangu mairi nokusingaperi. Meso angu nomwoyo wangu zvichavamo nguva dzose.

[4] "Zvino iwe, kana ukafamba pamberi pangu nomwoyo wakanaka nokururama, sezvakaitwa naDhavhidhi baba vako, uye ukaita zvose zvandinorayira uye ukatevera mitemo nemirayiro yangu,
[5] ndichasimbisa chigaro chako choushe pamusoro peIsraeri nokusingaperi sezvandakavimbisa Dhavhidhi baba vako pandakati, 'Hapangashayikwi munhu anokutevera pachigaro choushe chaIsraeri.'

[6] "Asi kana mukarega kunditevera, imi kana vana venyu, uye mukarega kuchengeta mirayiro yangu nemitemo yangu yandakaisa pamberi penyu, asi mukaenda kundoshumira vamwe vamwari uye
mukavanamata, [7] ipapo ndichaparadza Israeri panyika yandakavapa
ndigofuratira temberi iyi yandaita tsvene nokuda kweZita rangu. Ipapo Israeri ichazova chirevo nechiseko pakati pamarudzi ose avanhu.
[8] Kunyange zvazvo temberi iyi ichishamisa kwazvo iye zvino, avo vachazopfuura napairi vachazoshamiswa vagoshora vachiti, 'Jehovha aitirei
chinhu chakadai kunyika iyi nokutemberi iyi?' [9] Vanhu vachapindura
vachiti, 'Nokuti vakasiya Jehovha Mwari wavo akabudisa madzibaba avo muIjipiti, uye vakanamatira vamwe vamwari, vachivanamata nokuvashandira, ndokusaka Jehovha akauyisa dambudziko guru rakadai pavari.' "

*Zvimwe Zvakaitwa naSoromoni*

[10] Makore makumi maviri akati apera, panguva yakavakwa dzimba idzi
mbiri naSoromoni, temberi yaJehovha nomuzinda wamambo, [11] Mambo
Soromoni akapa Hiramu mambo weTire maguta makumi maviri muGarirea, nokuti Hiramu akanga amupa misidhari, misipuresi negoridhe,
zvose zvaaida. [12] Asi Hiramu paakabva kuTire akaenda kundoona maguta
aya aakanga apiwa naSoromoni, haana kufadzwa nawo. [13] Akabvunza
akati, "Maguta erudzii aya awandipa, hama yangu?" Naizvozvo akaatumidza zita rokuti Nyika yeKabhuru, rinova ndiro zita rawo nanhasi.
[14] Zvino Hiramu akanga atumira mambo matarenda zana namakumi
maviri* egoridhe.

---

* **9:14** 9:14 matani angaita 4

[15] Heino nhoroondo yechibharo chakashandiswa naMambo Soromoni
pakuvaka temberi yaJehovha, muzinda wake, Miro, rusvingo rwe-
Jerusarema neHazori, Megidho neGezeri. [16] Faro mambo weIjipiti akanga
arwisa uye akatora Gezeri. Akanga aripisa nomoto. Akauraya vaKenani
vaigara mariri akaripa kumwanasikana wake, mukadzi waSoromoni
sechipo pakuwanikwa kwake. [17] Uye Soromoni akavaka Gezeri patsva.
Akavaka Bheti Horoni yeZasi, [18] Bhaarati, neTadhimori murenje, munyika
imomo, [19] pamwe chete namaguta ake ose amatura, namaguta engoro
dzake namabhiza ake, zvose zvaakada kuvaka muJerusarema, muReb-
hanoni nomunyika yose yaaitonga.

[20] Vanhu vose vakanga vasara pavaAmori, vaHiti, vaPerizi, vaHivhi
navaJebhusi (vanhu ava vakanga vasiri vaIsraeri), [21] vana vavo vakanga
vasara munyika, vasina kugona kuparadzwa zvachose navaIsraeri, ivava
Soromoni akavaunganidza kuti vashande savaranda vake, sezvazviri
kusvikira nhasi. [22] Asi Soromoni haana kuita varanda pakati pavaIsraeri;
ndivo vaiva mauto ake, makurukota ake ehurumende, machinda ake,
vatungamiri vake vamauto, varayiri vezvengoro navachairi vengoro.
[23] Ndivozve vaiva machinda makuru aiona nezvamabasa aiitwa na-
Soromoni, vatariri mazana mashanu namakumi mashanu vaitungamirira
vanhu vaiita basa.

[24] Mushure mokunge mwanasikana waFaro abva kuGuta raDhavhidhi
akauya kumuzinda wake waakanga avakirwa naSoromoni, Soromoni
akavaka Miro.

[25] Katatu pagore Soromoni akabayira zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso
zvokuyananisa paaritari yaakanga avakira Jehovha, akapisa zvinonhuh-
wira pamwe chete nazvo pamberi paJehovha. Saizvozvo akapedza
nezvetemberi.

[26] Mambo Soromoni akavakawo zvikepe paEzioni Gebheri, iri pedyo
neEroti muEdhomu, pamahombekombe eGungwa Dzvuku. [27] Uye Hi-
ramu akatuma varanda vake, vafambisi vezvikepe vaiziva gungwa kuti
vazoshandisa zvikepe pamwe chete navaranda vaSoromoni. [28] Vakaenda
kuOfiri, vakandodzokako namazana mana namakumi maviri amatarenda†
egoridhe, ayo avakandopa Mambo Soromoni.

# 10

*Mambokadzi weShebha anoshanyira Soromoni*

[1] Zvino mambokadzi weShebha akati anzwa nezvomukurumbira wa-
Soromoni noukama hwake nezita raJehovha, akauya kuzomuedza ne-
mibvunzo yakaoma. [2] Akasvika paJerusarema navanhu vakawanda,
nengamera dzakanga dzakatakura zvinonhuhwira, goridhe rakawanda
kwazvo, namatombo anokosha, akauya kuna Soromoni akataura naye
pamusoro pezvose zvaiva mupfungwa dzake. [3] Soromoni akapindura
mibvunzo yake yose; hapana chakanga chakanyanya kuomera mambo
kuti amutsanangurire. [4] Mambokadzi weShebha akati aona uchenjeri
hwose hwaSoromoni nomuzinda waakanga avaka, [5] zvokudya zvaiva
patafura yake, urongwa hwokugara kwamachinda ake, varanda vake
vaimushandira nezvipfeko zvavo, vadiri vake, nezvipiriso zvinopiswa
zvaaiita patemberi yaJehovha, akapererwa.

[6] Akati kuna mambo, “Zvose zvandakanzwa munyika mangu pamusoro
pamabasa enyu nouchenjeri hwenyu zvaiva zvechokwadi. [7] Asi handina

† **9:28** 9:28 matani angaita 14.5

kutenda zvinhu izvi kusvikira ndauya ndikazviona nameso angu chaiwo.
Zvechokwadi, zvandakaudzwa hazvisviki pahafu yezviripo; muuchenjeri
nomuupfumi mapfuura zvose zvandakanzwa. 8 Vanhu venyu vanofanira
kuva vanofara sei! Machinda enyu anofara sei, ivo vanomira pamberi
penyu nguva dzose nokunzwa uchenjeri hwenyu! 9 Jehovha Mwari
wenyu ngaarumbidzwe, iye akafadzwa nemi akakuisai pachigaro choushe
chaIsraeri. Jehovha akada Israeri nokusingaperi, nokuda kwaizvozvo
akuitai mambo kuti muchengetedze kururamisira noutsvene."

10 Akapa mambo matarenda zana namakumi maviri[*] egoridhe, zvi-
nonhuhwira kwazvo, namatombo anokosha. Hapana mumwe aka-
zouya nezvinonhuhwira zvakawanda sezvakauyiwa nazvo namam-
bokadzi weShebha kuna Mambo Soromoni.

11 Zvikepe zvaHiramu zvakauya negoridhe kubva kuOfiri; uyewo
zvakauya nemiti yemiarumugi namatombo anokosha kubva ikoko.
12 Mambo akashandisa miarumugi iyi kuita mbiru dzetemberi yaJe-
hovha, nedzomuzinda wamambo, uye kugadzira mbira nemitengeranwa
zvaishandiswa navaimbi. Miti yemiarumugi yakawanda kudai haina
kuzombouyiswa munyika zvakare kana kuonekwa zvakare kubvira musi
iwoyo.

13 Mambo Soromoni akapa mambokadzi weShebha zvaaida
nezvaakakumbira, pamusoro pezvaakamupa zvaibva papfuma yake
youmambo. Ipapo akabva asimuka navaranda vake akadzokera kunyika
yake.

### *Pfuma yaSoromoni nembiri yake*

14 Uremu hwegoridhe raitambirwa naSoromoni gore negore hwaisvika
matarenda mazana matanhatu namakumi matanhatu namatanhatu[†],
15 pasingaverengerwi mari yomutero yairipiswa vatengesi vakuru na-
vatengesi vadiki, namadzimambo ose eArabhia navabati venyika.

16 Mambo Soromoni akaita mazana maviri enhoo huru dzegoridhe
rakarohwa nenyundo; nhoo imwe neimwe yaiva yakagadzirwa namazana
matanhatu amashekeri[‡] egoridhe. 17 Akaitawo mazana matatu enhoo
diki dzegoridhe rakarohwa nenyundo, nhoo imwe neimwe yakagadzirwa
nemamina matatu[§] egoridhe. Mambo akadziisa muMuzinda weSango
reRebhanoni.

18 Mambo akaitawo chigaro chikuru choushe chenyanga dzenzou
akachifukidza negoridhe rakanakisisa. 19 Chigaro ichi chaiva namatanhiko
matanhatu, uye musoro wechigaro wakanga uri wedenderedzwa shure
kwacho. Kumativi maviri echigaro kwaiva nezvitsigiro zvamaoko zviviri,
uye shumba mbiri dzakanga dzakamira pamativi ezvitsigiro zviviri izvi.
20 Shumba gumi nembiri dzakanga dzakamira pamatanhiko matanhatu,
imwe chete kwaiperera danhiko rimwe nerimwe. Hakuna zvakadai
zvakanga zvamboitirwa humwe umambo. 21 Midziyo yose yaMambo
Soromoni yokunwira yaiva yegoridhe rakanakisisa. Hapana chakanga
chakagadzirwa nesirivha, nokuti sirivha yakanga isingakoshi zvikuru
mumazuva aSoromoni. 22 Mambo aiva nechitsama chezvikepe zveTashishi
pagungwa izvo zvaiva pamwe chete nezvikepe zvaHiramu. Zvikepe
zveTashishi izvi zvaiuya kamwe chete mumakore matatu zviine goridhe,
sirivha, nyanga dzenzou, mapikoko namakudo.

---

[*] **10:10** 10:10 matani angaita 4 [†] **10:14** 10:14 matani angaita 23 [‡] **10:16** 10:16 makirogiramu angaita 3.5 [§] **10:17** 10:17 makirogiramu angaita 1.7

23 Mambo Soromoni aikunda mamwe madzimambo ose panyika paup-
fumi napauchenjeri. 24 Nyika yose yakada kuzosangana naSoromoni kuti
inzwe uchenjeri hwakanga waiswa mumwoyo make naMwari. 25 Gore
negore munhu wose aiuya nechipo, zvinhu zvakagadzirwa nesirivha
nezvegoridhe, mbatya, zvombo nezvinonhuhwira, namabhiza namanyu-
rusi.
26 Soromoni akaunganidza ngoro namabhiza; akanga ane ngoro dzi-
nokwana chiuru namazana mana namabhiza anokwana zviuru gumi
nezviviri, zvaaichengeta kumaguta engoro nomuJerusarema maaivawo.
27 Mambo akaita kuti sirivha iwanikwe pose pose samatombo mu-
Jerusarema uye misidhari yakawanda kunge mionde yomuzasi ma-
makomo. 28 Mabhiza aSoromoni aitengwa kuIjipiti nokuKuwe vatengesi
vamambo vainoatengera kuKuwe. 29 Vakatenga imwe ngoro kuIjipiti
namashekeri esirivha mazana matanhatu*, rimwe bhiza rikaita zana na-
makumi mashanu†. Vaitengeserawo kumadzimambo avaHiti navaAramu.

# 11

*Vakadzi vaSoromoni*

1 Zvisinei, Mambo Soromoni akada vakadzi vazhinji vamamwe marudzi
pamwe chete nomwanasikana waFaro, wechiMoabhu, vechiAmoni,
vechiEdhomu, vechiSidhoni nevechiHiti. 2 Vaiva vamarudzi ayo akanga
anzi naJehovha kuvana vaIsraeri, "Musaroorerane navo nokuti vachapin-
dura mwoyo yenyu ikatevera vamwari vavo." Zvakadaro, Soromoni
akanamatira kwavari murudo. 3 Aiva navakadzi mazana manomwe,
vanasikana vamadzimambo, navamwe varongo mazana matatu; vakadzi
vake vakatsausa mwoyo wake. 4 Zvino Soromoni akati akwegura,
vakadzi vake vakatsausa mwoyo wake akatevera vamwe vamwari, uye
mwoyo wake wakanga usina kuzvipira zvizere kuna Jehovha Mwari
wake, sezvakanga zvakaita mwoyo waDhavhidhi baba vake. 5 Akatevera
Ashitoreti, mwarikadzi wavaSidhoni, naMoreki mwari anonyangadza
wavaAmoni. 6 Saka Soromoni akaita zvakaipa pamberi paJehovha; haana
kutevera Jehovha zvizere sezvakanga zvaitwa naDhavhidhi baba vake.
7 Pagomo riri kumabvazuva kweJerusarema, Soromoni akavakira
Kemoshi, mwari anonyangadza wavaMoabhu nzvimbo yakakwirira,
akavakirawo Moreki, mwari anonyangadza wavaAmoni. 8 Akaitira
vakadzi vake vose vaibva kuna mamwe marudzi zvimwe chetezvo, ivo
vaipisa zvinonhuhwira nokubayira zvibayiro kuna vamwari vavo.
9 Jehovha akatsamwira Soromoni nokuti mwoyo wake wakanga wat-
sauka kubva kuna Jehovha, Mwari waIsraeri, uyo akanga azviratidza
kwaari kaviri. 10 Kunyange akanga adzivisa Soromoni kutevera vamwe
vamwari, Soromoni haana kuchengeta murayiro waJehovha. 11 Saka
Jehovha akati kuna Soromoni, "Sezvo aya ari iwo mafungiro ako uye
usina kuchengeta sungano yangu nemitemo yangu yandakakurayira,
zvirokwazvo ndichabvarura umambo uhu ndichihubvisa kwauri ndigo-
hupa kuno mumwe wavaranda vako. 12 Zvisinei, nokuda kwaDhavhidhi
baba vako, handisi kuzozviita uchiri mupenyu. Ndichahubvisa kubva
muruoko rwomwanakomana wako. 13 Zvakadaro hazvo, handizobvisi
umambo hwose, kubva kwaari, asi ndichamupa rudzi rumwe chete

* 10:29 10:29 makirogiramu angaita 7 † 10:29 10:29 makirogiramu angaita 1.7

nokuda kwaDhavhidhi muranda wangu uye nokuda kweJerusarema,
randakasarudza.”

### *Vavengi vaSoromoni*

14 Ipapo Jehovha akamutsa Hadhadhi muEdhomu, weimba youmambo
yeEdhomu kuti arwise Soromoni. 15 Dhavhidhi panguva yaakanga
achirwa neEdhomu, Joabhu, mutungamiri wehondo, uyo akanga aenda
kundoviga vakanga vafa, akauraya varume vose muEdhomu. 16 Joabhu
navaIsraeri vose vakagarako kwemwedzi mitanhatu, kusvikira vauraya
varume vose muEdhomu. 17 Asi Hadhadhi, uyo akanga achiri mukomana,
akatizira kuIjipiti namamwe machinda echiEdhomu aimboshandira baba
vake. 18 Vakasimuka vachibva kuMidhiani vakaenda kuParani. Ipapo
vakatora vamwe varume vokuParani vakaenda pamwe chete kuIjipiti,
kuna mambo Faro weIjipiti, uyo akapa Hadhadhi imba nomunda, akamu-
pawo zvokudya.

19 Faro akafadzwa naHadhadhi zvokuti akamupa muramu wake, mu-
nun’una wavahosi vake Tapenesi, kuti ave mukadzi wake. 20 Munun’una
waTapenesi uyu akamuberekera mwanakomana anonzi Genubhati,
akakurira mumuzinda wamambo. Imomo, Genubhati akagara pamwe
chete navana vaFaro.

21 Ari muIjipiti, Hadhadhi akanzwa kuti Dhavhidhi akanga azorora
namadzibaba ake uye kuti Joabhu mutungamiri wehondo akanga afawo.
Ipapo Hadhadhi akati kuna Faro, “Chindiregai ndiende hangu, ndidzokere
kunyika yangu.”

22 Faro akamubvunza akati, “Washayeiko kuno zvowoda kudzokera
kunyika yako?”

Hadhadhi akapindura akati, “Hapana, asi regai ndiende zvangu!”

23 Mwari akamutsira Soromoni mumwe muvengi, Rezoni, mwanako-
mana waEriadha, akanga atiza kubva kuna tenzi wake Hadhadhezeri
mambo weZobha. 24 Akazviunganidzira varume akabva ava mutungamiri
wechikwata chavapanduki panguva yakaparadzwa mauto okuZobha
naDhavhidhi; vapanduki ava vakaenda kuDhamasiko, kwavakagara uye
vakatonga. 25 Rezoni akava muvengi weIsraeri kwoupenyu hwaSoromoni
hwose, akapamhidzira padambudziko raikonzerwa naHadhadhi. Rezoni
akatonga muAramu uye akanga achivenga Israeri.

### *Jerobhoamu anopandukira Soromoni*

26 Jerobhoamu mwanakomana waNebhati akapandukirawo mambo.
Aiva mumwe wamachinda aSoromoni, ari worudzi rwaEfuremu
wokuZaredha, uye mai vake vainzi Zeruya vari chirikadzi.

27 Heino nhoroondo yokupandukira mambo kwaakaita: Soromoni
akavaka Miro, akagadzira pakanga paputsika murusvingo rweguta rababa
vake Dhavhidhi. 28 Zvino Jerobhoamu aiva murume wesimba noumhare,
uye Soromoni akaona kuti jaya iri raishanda kwazvo akabva amuita
mutariri wavashandi vose veimba yaJosefa.

29 Zvino panguva iyoyo Jerobhoamu akati achibva muJerusarema, Ahija
muprofita wokuShiro akasangana naye panzira, akapfeka jasi idzva
nomucheka. Vaviri ava vaiva voga kusango, 30 ipapo Ahija akatora
jasi idzva romucheka raakanga akapfeka akaribvarura-bvarura kuita
zvipenga gumi nezviviri. 31 Ipapo akati kuna Jerobhoamu, “Zvitorere
zvipenga gumi, nokuti zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri, ‘Tarira, ndich-
abvarura umambo kubva muruoko rwaSoromoni ndigokupa marudzi

gumi. [32] Asi nokuda kwomuranda wangu Dhavhidhi neguta reJerusarema,
randakasarudza kubva pamarudzi ose aIsraeri, achava norudzi rumwe
chete. [33] Ndichaita izvi nokuti vakandirasa vakanamata Ashitoreti,
mwarikadzi wavaSidhoni, Kemoshi, mwari wavaMoabhu, naMoreki,
mwari wavaAmoni, uye havana kufamba munzira dzangu, kana kuita
zvakarurama pamberi pangu, kana kuchengeta mitemo yangu nemirayiro
yangu sezvakaitwa naDhavhidhi, baba vaSoromoni.

[34] " 'Asi handizobvisi umambo hwose kubva muruoko rwaSoromoni;
ndamuita mutongi mazuva ose oupenyu hwake nokuda kwaDhavhidhi
muranda wangu, wandakasarudza, akachengeta mirayiro yangu ne-
mitemo yangu. [35] Ndichatora umambo kubva mumaoko omwanakomana
wake ndigokupa marudzi gumi. [36] Ndichapa mwanakomana wake rudzi
rumwe chete kuitira kuti Dhavhidhi muranda wangu arambe ane mwenje
nguva dzose pamberi pangu muJerusarema, guta randakasarudza kuisa
Zita rangu. [37] Zvisinei, kana uri iwe, ndichakutora, uye uchatonga
pamusoro pezvose zvinodiwa nomwoyo wako; uchava mambo weIsraeri.
[38] Kana ukaita chipi nechipi chandicharayira uye ukafamba munzira
dzangu ukaita zvakarurama pamberi pangu uye ukachengeta mitemo
nemirayiro yangu, sezvakaita Dhavhidhi muranda wangu, ndichava newe.
Ndichakuvakira imba seyandakavakira Dhavhidhi uye ndichakupa Israeri.
[39] Ndichatambudza vana vaDhavhidhi nokuda kwenyaya iyi, asi kwete
nokusingaperi.' "

[40] Soromoni akaedza kuuraya Jerobhoamu, asi Jerobhoamu akatizira
kuIjipiti, kuna mambo Shishaki, akagarako kusvikira Soromoni afa.

### *Kufa kwaSoromoni*

[41] Zvino mamwe mabasa aSoromoni, nezvose zvaakaita nouchenjeri
hwake, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzegore negore
dzaSoromoni? [42] Soromoni akatonga Israeri yose muJerusarema kwa-
makore makumi mana. [43] Ipapo akazorora namadzibaba ake akavigwa
muguta raDhavhidhi baba vake. Ipapo Rehobhoamu mwanakomana wake
akamutevera paumambo.

# 12

### *Israeri inopandukira Rehobhoamu*

[1] Rehobhoamu akaenda kuShekemu, nokuti vaIsraeri vose vakanga
vaendako kundomuita mambo. [2] Zvino Jerobhoamu, mwanakomana
waNebhati, akati azvinzwa (akanga achiri kuIjipiti, kwaakanga aenda
akatiza Mambo Soromoni) akadzoka kubva kuIjipiti. [3] Vakatuma nhume
kundodana Jerobhoamu, iye neungano yose yeIsraeri vakaenda kuna Re-
hobhoamu vakati kwaari, [4] "Baba venyu vakaisa joko rinorema pamusoro
pedu, asi zvino chitirerutsirai basa rakaoma iri nomutoro unorema uyu
wavakaisa pamusoro pedu, isu tigokushandirai."

[5] Rehobhoamu akapindura akati, "Chimboendai kwamazuva matatu
mugodzoka kwandiri." Saka vanhu vakaenda.

[6] Ipapo Mambo Rehobhoamu akabvunza vakuru vakambenge vachis-
handira baba vake Soromoni vachiri vapenyu. Akati, "Mungandipa zano
ripiko randingapindura naro vanhu ava?"

[7] Vakapindura vakati, "Kana nhasi mukava muranda wavanhu ava
mukavashandira nokuvapa mhinduro inofadza, vachazova varanda venyu
nguva dzose."

8 Asi Rehobhoamu akaramba zano raakanga apiwa navakuru akan-
dobvunza majaya ezera rake aakanga akura nawo, avo vakanga vava
kumushandira. 9 Akavabvunza akati, “Mungandipa zano ripiko? Tin-
gavapindure seiko vanhu ava vanoti kwandiri, ‘Tirerutsirei joko rakaiswa
pamusoro pedu nababa venyu?’ ”

10 Majaya aakanga akura nawo akapindura akati, “Udzai vanhu ava vati
kwamuri, ‘Baba venyu vakaisa joko rinorema pamusoro pedu, asi imi
chitirerutsirai joko redu’ vaudzei kuti, ‘Munwe wangu muduku, mukobvu
kupfuura chiuno chababa vangu. 11 Baba vangu vakaisa joko rinorema
pamusoro penyu; ini ndichaita kuti rireme kupfuura zvariri. Baba vangu
vakakurovai nezvamboko; ini ndichakurovai nezvinyavada.’ ”

12 Mushure mamazuva matatu Jerobhoamu navanhu vose vakadzoka
kuna Rehobhoamu, sezvo mambo akanga ati, “Mudzoke kwandiri mu-
mazuva matatu.” 13 Mambo akapindura vanhu nehasha. Akarasa zano
raakanga apiwa navakuru, 14 akatevera zano ramajaya akati, “Baba
vangu vakaita kuti mutoro wenyu ureme kwazvo; ini ndichaita kuti
ureme kupfuura ipapo. Baba vangu vakakurovai nezvamboko; ini
ndichakurovai nezvinyavada.” 15 Naizvozvo mambo haana kuteerera
vanhu, nokuti zvakaitika izvi zvakanga zvabva kuna Jehovha, kuti shoko
raJehovha raakanga ataura kuna Jerobhoamu mwanakomana waNebhati
kubudikidza naAhija muShiro rizadziswe.

16 Zvino vaIsraeri vose pavakaona kuti mambo akanga aramba kuva-
teerera, vakapindura mambo vakati:

“Tino mugove weiko muna Dhavhidhi,
nhaka yedu ndeipiko mumwanakomana waJese?
Kumatende enyu, imi vaIsraeri!
Iwe Dhavhidhi, chizvichengetera imba yako!”

Saka vaIsraeri vakaenda kumisha yavo. 17 Asi vaIsraeri vaigara mumaguta
eJudha, Rehobhoamu akaramba achivatonga.

18 Mambo Rehobhoamu akatuma Adhoniramu, aiva mutariri wezvechib-
haro, asi vaIsraeri vose vakamutaka namabwe akafa. Zvisinei, Mambo
Rehobhoamu akakwanisa kupinda mungoro yake akatizira kuJerusarema.
19 Saka Israeri yakapandukira imba yaDhavhidhi kusvikira nhasi.

20 VaIsraeri vose pavakanzwa kuti Rehobhoamu akanga adzoka, vaka-
tuma nhume kuti auye kwakanga kwakaungana vanhu, vakabva vamuita
mambo weIsraeri yose. Rudzi rwaJudha chete ndirwo rwakaramba
ruchishandira imba yaDhavhidhi.

21 Rehobhoamu paakasvika muJerusarema, akaunganidza imba yose
yaJudha norudzi rwaBhenjamini, varume vehondo vaikwana zviuru zana
namakumi masere, kuti varwe neimba yaIsraeri kuti vadzosere umambo
kuna Rehobhoamu mwanakomana waSoromoni.

22 Asi shoko raMwari rakasvika kuna Shemaya munhu waMwari
richiti, 23 “Uti kuna Rehobhoamu, mwanakomana waSoromoni, mambo
weJudha, nokuimba yose yaJudha neyaBhenjamini, nokuvamwe vanhu
vose, 24 ‘Zvanzi naJehovha: Musakwidza kumusoro kundorwa nehama
dzenyu, vaIsraeri. Endai kumisha yenyu mumwe nomumwe wenyu,
nokuti ndini ndaita izvi.’ ” Naizvozvo vakateerera shoko raJehovha
vakaenda kumisha yavo zvakare, sezvakanga zvarayirwa naJehovha.

### *Zvimhuru zvegoridhe paBheteri nepaDhani*

25 Ipapo Jerobhoamu akavaka Shekemu munyika yamakomo yaEfuremu
akagarako. Achibvako akaenda akandovaka Penueri.

[26] Jerobhoamu akafunga akati, "Zvino umambo huchagona kudzokera
kuimba yaDhavhidhi. [27] Kana vanhu ava vakakwidza kumusoro kun-
dobayira zvibayiro kutemberi yaJehovha muJerusarema, vachazozvipira
zvakare kuna ishe wavo, Rehobhoamu. Vachandiuraya vagodzokera kuna
Mambo Rehobhoamu."
[28] Mushure mokubvunza vamwe, mambo akaumba zvimhuru zveg-
oridhe zviviri. Akati kuvanhu, "Zviri kukuremerai kukwidza kumusoro
kuJerusarema. VaIsraeri, ava ndivo vamwari venyu vakakubudisai kubva
muIjipiti." [29] Akaisa imwe paBheteri, neimwe paDhani. [30] Zvino chinhu
ichi chakava chivi; vanhu vaifamba zvokutosvika kuDhani kundonamata
chaiva ikoko.
[31] Jerobhoamu akavaka dzimba panzvimbo dzakakwirira akatora vanhu
vose vose akavaita vaprista, kunyange vaisava vaRevhi. [32] Akatangisa
mutambo wezuva regumi namashanu romwedzi worusere, wakafanana
nomutambo wokuJudha, akabayira zvibayiro paaritari. Izvi akazvi-
ita muBheteri, akabayira kumhuru dzaakanga agadzira, uye paB-
heteri akagadzawo vaprista panzvimbo dzakakwirira dzaakanga aita.
[33] Nomusi wegumi neshanu womwedzi worusere, mwedzi waakanga
angosarudzawo, akabayira zvibayiro paaritari yaakanga avaka paBheteri.
Saizvozvo akatangisa mutambo wavaIsraeri akaenda kuaritari kundopisa
zvinonhuhwira.

# 13

*Munhu waMwari aibva kuJudha*

[1] Nokuda kweshoko raJehovha munhu waMwari akabva kuJudha
akauya kuBheteri, Jerobhoamu paakanga akamira pedyo nearitari ava
kupirisa zvinonhuhwira. [2] Akadanidzira kuaritari akati, "Iwe aritari,
aritari! Zvanzi naJehovha: 'Mwanakomana anonzi Josia achaberekwa
muimba yaDhavhidhi. Vaprista vamatunhu akakwirira vari kupisira
zvinonhuhwira pano zvino, achavabayira pamusoro pako, uye mapfupa
avanhu achapiswa pamusoro pako.' " [3] Musi mumwe chete iwoyo munhu
waMwari akapa chiratidzo akati, "Ichi ndicho chiratidzo chataurwa naJe-
hovha: Aritari ichatsemuka uye madota ari pamusoro payo acharasirwa
pasi."
[4] Zvino Mambo Jerobhoamu paakanzwa zvakanga zvadanidzirwa
nomunhu waMwari kuaritari paBheteri, akatambanudza ruoko rwake
ruchibva kuaritari akati, "Mubatei!" Asi ruoko rwaakatambanudzira ku-
murume uyu rwakaoma, zvokuti akatadza kurudzosa zvakare. [5] Aritariwo
yakatsemuka uye madota ayo akarasikira pasi zvichienderana nechi-
ratidzo chakanga chapiwa nomunhu waMwari nokuda kweshoko raJe-
hovha.
[6] Ipapo mambo akati kumunhu waMwari, "Ndinamatirewo kuna
Jehovha Mwari wako uchindinamatira kuti ruoko rwangu ruporeswe."
Naizvozvo munhu waMwari akamunamatira kuna Jehovha ruoko rwa-
mambo rukaporeswa rukaita sezvarwakanga rwakaita pakutanga.
[7] Mambo akati kumunhu waMwari, "Handei kumba kwangu undowana
zvaungadya, uye ndichakupa chipo."
[8] Asi munhu waMwari akapindura mambo akati, "Kunyange maindipa
hafu yezvose zvamunazvo, handaimboenda nemi, uye handaimbodya
chingwa kana kunwa mvura kuno. [9] Nokuti ndakarayirwa neshoko
raJehovha kuti, 'Haufaniri kudya chingwa kana kunwa mvura kana

kudzoka nenzira yawabva nayo.' " 10 Saka akaenda neimwe nzira, haana
kudzokera nenzira yaakanga auya nayo kuBheteri.

11 Zvino paiva nomumwe muprofita akanga ava harahwa aigara
muBheteri, vana vake vakauya vakamuudza zvose zvakanga zvaitwa
nomunhu waMwari musi iwoyo muBheteri. Vakaudzawo baba vavo
zvaakanga ataura kuna mambo. 12 Baba vavo vakavabvunza kuti, "Aenda
nenzira ipiko?" Zvino vana vake vakamuratidza nzira yakanga yaendwa
nayo nomunhu waMwari aibva kuJudha. 13 Saka akati kuvana vake,
"Ndisungirirei chigaro pambongoro." Zvino vakati vamusungirira chigaro
pambongoro, akaitasva. 14 Akatevera munhu waMwari. Akamuwana
agere pasi pomuti womuouki akamubvunza akati, "Ndiwe here munhu
waMwari akabva kuJudha?"

Akapindura akati, "Ndini."

15 Ipapo muprofita akati kwaari, "Handei kumba kwangu undodya."

16 Munhu waMwari akati, "Handigoni kudzoka nemi, zvakare handigoni
kudya chingwa kana kunwa mvura nemi panzvimbo ino. 17 Ndakaudzwa
neshoko raJehovha kuti, 'Haufaniri kudya chingwa kana kunwa mvura
ikoko kana kudzoka nenzira yaunenge wauya nayo.' "

18 Muprofita akanga ava harahwa akapindura akati, "Neniwo ndiri
muprofita sezvawakaita. Zvino mutumwa ati kwandiri neshoko ra-
Jehovha, 'Dzoka naye kumba kwako kuitira kuti adye chingwa uye
anwe mvura.' " Asi akanga achimunyepera. 19 Saka munhu waMwari
akadzokera naye akandodya uye akanwa mumba make.

20 Zvavakanga vachakagara patafura, shoko raJehovha rakauya
kumuprofita akanga ava harahwa, uyo akanga amudzosa. 21 Akadanidzira
kumunhu waMwari akanga abva kuJudha akati, "Zvanzi naJehovha:
'Hauna kuteerera shoko raJehovha uye hauna kuchengeta murayiro
wawakapiwa naJehovha Mwari wako. 22 Wadzoka ukadya chingwa
uye ukanwa mvura munzvimbo yaakakuudza kuti usadya kana kunwa.
Naizvozvo mutumbi wako hausi kuzovigwa muguva ramadzibaba ako.' "

23 Munhu waMwari paakapedza kudya nokunwa, muprofita akanga
amudzosa akamusungirira chigaro pambongoro. 24 Akati ava mun-
zira, shumba yakasangana naye panzira, ikamuuraya, mutumbi wake
ukakandwa munzira, mbongoro neshumba zvikamira pauri. 25 Vamwe
vanhu vaipfuura nepo vakaona mutumbi uyu wakakandwa panzira,
shumba yakamira parutivi pomutumbi, vakaenda vakandozvitaura
muguta maigara muprofita uya akanga ava harahwa.

26 Muprofita akanga amudzosa parwendo rwake paakazvinzwa, akati,
"Ndiye munhu waMwari asina kuteerera shoko raJehovha. Jehovha
amupa kushumba, iyo yamubvambura nokumuuraya, sokumuyambira
kwakanga kwaita shoko raJehovha."

27 Muprofita akati kuvanakomana vake, "Ndisungirirei chigaro pam-
bongoro," ivo vakaita saizvozvo. 28 Ipapo akaenda akandoona mutumbi
wakakandwa panzira, mbongoro neshumba zvakamira parutivi pawo.
Shumba yakanga isina kudya mutumbi kana kubvambura mbongoro.
29 Saka muprofita akasimudza mutumbi womunhu waMwari, akauisa
pamusoro pembongoro akadzoka nawo kuguta rake kuti andomuchema
uye amuvige. 30 Akaisa mutumbi wake muguva rake, vakamuchema
vakati, "Yowe-e, hama yangu!"

31 Mushure mokumuviga, akati kuvanakomana vake, "Kana ndafa,
mundivige muguva mataviga munhu waMwari; muise mapfupa angu

parutivi peake. 32 Nokuti zvaakataura neshoko raJehovha pamusoro
pearitari iri muBheteri napamusoro pedzimba dzose dziri panzvimbo
dzakakwirira mumaguta eSamaria zvichaitika saizvozvo."

33 Kunyange shure kwaizvozvi, Jerobhoamu haana kupinduka pamaitiro
ake akaipa, asi akasarudzazve vaprista venzvimbo dzakakwirira kubva
kuvanhu vakangosiyana-siyana. Munhu wose wose aida kuva muprista
aigadzwa kuti ashande panzvimbo dzakakwirira. 34 Ichi ndicho chivi
cheimba yaJerobhoamu chakaita kuti iwe uye iparare pamusoro penyika.

# 14

*Ahija anoprofita nezvokutongwa kwaJerobhoamu*

1 Panguva iyoyo Abhija, mwanakomana waJerobhoamu, akarwara,
2 Jerobhoamu akati kumukadzi wake, "Enda undozvivanza, kuti urege
kuzivikanwa kuti ndiwe mukadzi waJerobhoamu. Ipapo ugoenda kuShiro.
Ahija muprofita ariko ikoko, uya akandiudza kuti ndichava mambo
wavanhu ava. 3 Tora zvingwa gumi, makeke negaba rouchi ugoenda nazvo
kwaari. Achakuudza zvichaitika kumukomana." 4 Naizvozvo mukadzi
waJerobhoamu akaita sezvaakataura akaenda kumba kwaAhija muShiro.
Zvino Ahija akanga asisaoni; meso ake akanga asisaoni nokuti akanga
akwegura. 5 Asi Jehovha akaudza Ahija kuti, "Mukadzi waJerobhoamu
ari kuuya kuzokubvunza nezvomwanakomana wake, nokuti ari kurwara.
Zvino iwe uchamupa mhinduro yokuti neyokuti. Paachasvika achazviita
somumwe munhu."

6 Zvino Ahija paakanzwa mutsindo wetsoka dzake pamusuo, akati,
"Pinda, mukadzi waJerobhoamu. Sei uchizviita somumwe munhu? Nda-
tumwa kwauri namashoko asina kunaka. 7 Enda undoudza Jerobhoamu
kuti izvi ndizvo zvinotaura Jehovha, Mwari waIsraeri: 'Ndakakusimudza
kubva pakati pavanhu ndikakuita mutungamiri wavanhu vangu Israeri.
8 Ndakabvarura umambo kubva muimba yaDhavhidhi ndikahupa kwauri,
asi hauna kuva somuranda wangu Dhavhidhi, akachengeta mirayiro
yangu uye akanditevera nomwoyo wake wose, akaita zvakanaka chete
pamberi pangu. 9 Iwe wakaita zvakaipa kupfuura vose vakararama
iwe usati wavapo. Wakazviitira vamwe vamwari, zviumbwa zvakaitwa
nesimbi; waita kuti nditsamwe uye ukandirasira shure kwako.

10 " 'Nokuda kwezvinhu izvi ndichauyisa dambudziko paimba yaJerob-
hoamu. Ndichauraya varume vose vaJerobhoamu nhapwa, neakasunun-
guka. Ndichapisa imba yaJerobhoamu sezvinoita munhu anopisa ndove,
kusvikira pasisina chinhu. 11 Imbwa dzichadya vose vachafira muguta,
uye shiri dzedenga dzichadya avo vachafira kusango. Jehovha ataura!'

12 "Kana uriwe, dzokera kumba. Panotsika tsoka yako muguta rako,
mwanakomana achafa. 13 Israeri yose ichamuchema igomuviga. Ndiye
oga waJerobhoamu achavigwa, nokuti ndiye oga mumba maJerobhoamu
aonekwa naJehovha, Mwari waIsraeri, kuti ane chakanaka maari.

14 "Jehovha achazvimutsira mambo waIsraeri achaparadza mhuri ya-
Jerobhoamu. Nhasi ndiro zuva racho! Hongu, kana iye zvino. 15 Zvino
Jehovha acharova Israeri, zvokuti ichaita setsanga iri kuzungunuswa
mumvura. Achadzura Israeri kubva munyika yakanaka iyi yaakapa
kumadzitateguru avo agovaparadzira mhiri kwoRwizi, nokuti vakaita kuti
Jehovha atsamwe nehasha pavakaitira Ashera mapango. 16 Acharamwa
Israeri nokuda kwezvivi zvakaitwa naJerobhoamu nezvaakaita kuti Israeri
iite."

[17] Ipapo mukadzi waJerobhoamu akasimuka akaenda, akasvika kuTiza.
Achingoti tsikei pachikumbaridzo cheimba, mwanakomana akabva afa.
[18] Vakamuviga, uye Israeri yose yakamuchema, sezvazvakanga zvarehwa
naJehovha kubudikidza nomuranda wake muprofita Ahija.
[19] Zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaJerobhoamu, hondo dzake
namatongero ake, zvakanyorwa mubhuku renhoroondo dzegore negore
dzamadzimambo eIsraeri. [20] Akatonga kwamakore makumi maviri
namaviri akazorora namadzibaba ake. Nadhabhi mwanakomana wake
akamutevera paumambo.

### *Rehobhoamu Mambo weJudha*

[21] Rehobhoamu mwanakomana waSoromoni akanga ari mambo munyika yeJudha. Akanga ana makore makumi mana nerimwe chete paakava mambo, uye akatonga kwamakore gumi namanomwe muJerusarema, guta rakanga rasarudzwa naJehovha kubva pamarudzi ose aIsraeri kuti aise Zita rake mariri. Zita ramai vake raiva Naama; vaiva muAmoni.
[22] VaJudha vakaita zvakaipa pamberi paJehovha. Vakamutsa
godo rake, kupfuura zvakaitwa namadzibaba avo, nezvivi zvavakaita.
[23] Vakazvivakirawo nzvimbo dzakakwirira, matombo anoera namapango
aAshera pazvikomo zvose zvakakwirira napasi pemiti yose mikuru.
[24] Kwaivawo navarume vaizviita vakadzi vavamwe varume munyika,
vanhu vakaita zvose zvinonyangadza zvaiitwa nendudzi idzo dzakanga
dzadzingwa naJehovha pamberi pavaIsraeri.
[25] Mugore rechishanu raMambo Rehobhoamu, Shishaki, mambo weIjipiti, akarwisa Jerusarema. [26] Akatora pfuma yose yetemberi yaJehovha
nepfuma yose yomuzinda wamambo. Akatora zvinhu zvose, kusanganisira nenhoo dzose dzegoridhe dzakanga dzagadzirwa naSoromoni.
[27] Naizvozvo Mambo Rehobhoamu akagadzira nhoo dzendarira kuti dzitore nzvimbo yadzo uye akadzipa kuvatungamiri vavarindi vaichengeta
suo romuzinda wamambo. [28] Nguva dzose paienda mambo kutemberi
yaJehovha, varindi vaitakura nhoo, mushure mezvo vachizodzidzosera kuimba yavarindi.
[29] Zvino mamwe amabasa okutonga kwaRehobhoamu nezvose
zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzegore negore
dzamadzimambo eJudha? [30] Rehobhoamu naJerobhoamu vaingogara
vachirwisana. [31] Rehobhoamu akazorora namadzibaba ake uye akavigwa
pavakanga vakavigwa muguta raDhavhidhi. Zita ramai vake raiva Naama; vaiva muAmoni. Abhija mwanakomana wake akamutevera paumambo.

## 15

### *Abhija Mambo weJudha*

[1] Mugore regumi namasere roumambo hwaJerobhoamu mwanakomana waNebhati, Abhija akagadzwa samambo weJudha. [2] Akatonga
muJerusarema kwamakore matatu. Zita ramai vake rainzi Maaka
mwanasikana waAbhisharomu.
[3] Akaita zvivi zvose zvakanga zvaitwa nababa vake asati ava mambo;
mwoyo wake wakanga usina kuzvipira zvizere kuna Jehovha Mwari wake
sezvakanga zvakaita mwoyo watateguru wake Dhavhidhi. [4] Zvisinei,
nokuda kwaDhavhidhi, Jehovha Mwari wake akamupa mwenje muJerusarema nokumutsa mwanakomana kuti amutevere paumambo uye
nokusimbisa Jerusarema. [5] Nokuti Dhavhidhi akanga aita zvakanga
zvakarurama pamberi paJehovha uye akanga asina kutadza kuchengeta

kana ipi zvayo yemirayiro yaJehovha mumazuva ose oupenyu hwake, kunze kwenyaya yaUria muHiti.

6 Paiva nehondo pakati paRehobhoamu naJerobhoamu muupenyu
hwose hwaAbhija. 7 Kana zviri zvimwe zvinhu zvakaitika panguva yoku-
tonga kwaAbhija, nazvose zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku
renhoroondo dzegore negore dzamadzimambo aJudha? Pakati paAbhija
naJerobhoamu pakanga pane hondo. 8 Abhija akazorora namadzibaba ake
akavigwa muguta raDhavhidhi. Asa, mwanakomana wake, akamutevera
paumambo.

### *Asa Mambo weJudha*

9 Mugore ramakumi maviri raJerobhoamu mambo weIsraeri, Asa
akava mambo weJudha, 10 uye akatonga muJerusarema kwamakore
makumi mana negore rimwe chete. Zita rambuya vake rainzi Maaka,
mwanasikana waAbhisharomu.

11 Asa akaita zvakarurama pamberi paJehovha, sezvakanga zvaitwa
nababa vake Dhavhidhi. 12 Akabvisa varume vaizviita zvifeve zvavamwe
varume panzvimbo dzokupira munyika uye akabvisa zvifananidzo zvose
zvakanga zvaitwa namadzibaba ake. 13 Akabvisawo mbuya vake Maaka
pachinzvimbo chavo samai vamambo, nokuti vakanga vagadzira danda
rinonyangadza raAshera. Asa akatema danda iri akaripisa muMupata
weKidhironi. 14 Kunyange asina kubvisa nzvimbo dzakakwirira, mwoyo
waAsa wakanga wakazvipira zvizere kuna Jehovha muupenyu hwake
hwose. 15 Akauyisa mutemberi yaJehovha sirivha negoridhe nezvinhu
zvaakanga akumikidza iye nababa vake.

16 Pakanga pane hondo pakati paAsa naBhaasha, mambo weIsraeri
munguva yose yavakanga vachitonga. 17 Bhaasha, mambo weIsraeri,
akaenda kundorwa neJudha, akasimbisa Rama kuti adzivise ani naani
zvake kubuda kana kupinda munyika yaAsa mambo weJudha.

18 Ipapo Asa akatora sirivha yose negoridhe rose rakanga rasara mu-
matura epfuma yetemberi yaJehovha nezvose zvaiva mumuzinda wake.
Akazvipa kumachinda ake akazvitumira kuna Bheni-Hadhadhi, mwanako-
mana waTabhirimoni, mwanakomana waHezioni, mambo weAramu,
akanga achitonga muDhamasiko. 19 Akati, “Ngatinyoreranei chibvumi-
rano imi neni, sezvazvakanga zvakaita pakati pababa vangu nababa
venyu. Tarirai, ndakutumirai chipo chesirivha negoridhe. Zvino imi
chiputsai chibvumirano chenyu naBhaasha mambo weIsraeri kuitira kuti
abve kuno kwandiri.”

20 Bheni-Hadhadhi akabvumirana naMambo Asa akatumira vatungamiri
vamauto ake kuti vandorwisa maguta eIsraeri. Akakunda Ijoni, Dhani,
Abheri Bheti Maaka neKinereti yose pamwe chete neNafutari. 21 Bhaasha
paakanzwa izvi akaregera kuvaka Rama akadzokera kuTiza. 22 Ipapo
Mambo Asa akarayira Judha yose, hapana akasiyiwa, ivo vakatora kubva
kuRama matombo namatanda akanga achishandiswa naBhaasha ikoko.
Mambo Asa akaashandisa kuvaka Gebha muBhenjamini, neMizipawo.

23 Kana zviri zvimwe zvose zvakaitika panguva yokutonga kwaAsa,
zvose zvaakaita, namaguta aakavaka, hazvina kunyorwa here mubhuku
renhoroondo dzegore negore dzamadzimambo eJudha? Zvisinei, panguva
yokukwegura kwake, tsoka dzake dzakabatwa nechirwere. 24 Ipapo Asa
akazorora namadzibaba ake akavigwa pamwe chete navo muguta rababa
vake Dhavhidhi. Zvino mwanakomana wake Jehoshafati akamutevera
paumambo.

*Nadhabhi Mambo weIsraeri*

25 Nadhabhi, mwanakomana waJerobhoamu akava mambo weIsraeri
mugore rechipiri raAsa mambo weJudha, uye akatonga Israeri kwamakore
maviri. 26 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, achifamba munzira
dzababa vake nomuchivi chavo, icho chaakaita kuti Israeri iite.
27 Bhaasha, mwanakomana waAhija, weimba yaIsakari, akamu-
mukira, akamuuraya paGibhetoni guta romuFiristia, panguva yarakanga
rakombwa naNadhabhi navaIsraeri vose. 28 Bhaasha akauraya Nadhabhi
mugore rechitatu raAsa, mambo weJudha, uye akamutevera paumambo.
29 Achingoti tangei kutonga, akabva auraya mhuri yose yaJerobhoamu.
Haana kusiyira Jerobhoamu mumwe chete achifema, asi akavaparadza
vose sezvazvakarehwa naJehovha kubudikidza nomuranda wake Ahija
muShiro, 30 nokuda kwezvivi zvakanga zvaitwa naJerobhoamu nez-
vaakaita kuti Israeri iite, uye nokuti akaita kuti Jehovha, Mwari waIsraeri,
atsamwe.
31 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaNadhabhi,
nezvose zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dze-
gore negore dzamadzimambo eIsraeri? 32 Pakati paAsa naBhaasha,
mambo weIsraeri, pakanga pane hondo panguva yose yokutonga kwavo.

*Bhaasha Mambo weIsraeri*

33 Mugore rechitatu raAsa mambo weJudha, Bhaasha, mwanakomana
waAhija, akava mambo weIsraeri yose muTiza, uye akatonga kwamakore
makumi maviri namana. 34 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, achi-
famba munzira dzaJerobhoamu nomuchivi chake, chaakaita kuti Israeri
iite.

# 16

1 Zvino shoko raJehovha rakasvika kuna Jehu mwanakomana waHanani
richipikisana naBhaasha richiti, 2 "Ndakakusimudza kubva muguruva
ndikakuita mutungamiri wavanhu vangu Israeri, asi wakafamba munzira
dzaJerobhoamu ukaita kuti vanhu vangu Israeri vaite chivi, nokuita kuti
nditsamwe nokuda kwezvivi zvavo. 3 Naizvozvo ndava kuda kuparadza
Bhaasha neimba yake, uye ndichaita kuti imba yako ifanane neimba
yaJerobhoamu mwanakomana waNebhati. 4 Imbwa dzichadya vose
vaBhaasha vachafira muguta, uye shiri dzedenga dzichadya avo vachafira
kusango."
5 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaBhaasha,
nesimba rake, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzegore
negore dzamadzimambo eIsraeri? 6 Bhaasha akazorora namadzibaba ake
uye akavigwa muTiza. Zvino Era, mwanakomana wake, akamutevera
paumambo.
7 Pamusoro paizvozvo, shoko raJehovha rakauyawo nokumuprofita Jehu
mwanakomana waHanani kuna Bhaasha neimba yake, nokuda kwez-
vakaipa zvose zvaakanga aita pamberi paJehovha achimutsamwisa nez-
vaakaita, achifanana neimba yaJerobhoamu, uyewo nokuti akaiparadza.

*Era Mambo weIsraeri*

8 Mugore ramakumi maviri namatanhatu raAsa mambo weJudha,
Era, mwanakomana waBhaasha akava mambo weIsraeri, uye akatonga
muTiza kwamakore maviri.
9 Zimuri, mumwe wamachinda ake, aitungamirira hafu yengoro dzake,
akamumukira. Era akanga ari muTiza panguva iyoyo, achidhakwa

zvake pamba paAza, murume aichengeta muzinda wamambo paTiza.
10 Zimuri akapinda, akamubaya akamuuraya, mugore ramakumi maviri
namanomwe raAsa, mambo weJudha. Ipapo akabva amutevera pau-
mambo.
11 Paakatanga kutonga, achangogara pachigaro choushe, akauraya
mhuri yose yaBhaasha. Haana kusiya murume mumwe chete, hama
kana shamwari. 12 Saizvozvo Zimuri akaparadza mhuri yose yaB-
haasha, sezvakanga zvarehwa neshoko raJehovha rakataurwa richipik-
isa Bhaasha nokumuprofita Jehu, 13 nokuda kwezvivi zvose zvakanga
zvaitwa naBhaasha nomwanakomana wake Era nezvaakaita kuti Israeri
iite, zvokuti vakaita kuti Jehovha, Mwari waIsraeri, atsamwe, nokuda
kwezvifananidzo zvavo zvisina maturo.
14 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaEra, nezvose
zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzegore negore
dzamadzimambo eIsraeri?

### *Zimuri Mambo weIsraeri*

15 Mugore ramakumi maviri namanomwe raAsa, mambo weJudha,
Zimuri akatonga muTiza kwamazuva manomwe. Varwi vakanga
vakadzika misasa pedyo neGibhetoni, guta ravaFiristia. 16 VaIsraeri
vakanga vari kumisasa pavakanzwa kuti Zimuri akanga amukira mambo
akamuuraya, vakagadza Omuri mutungamiri wehondo, kuti ave mambo
weIsraeri musi iwoyo mumusasa. 17 Zvino Omuri, navaIsraeri vose vaaiva
navo, vakabva kuGibhetoni vakauya kuzokomba Tiza. 18 Zimuri paakaona
kuti guta rakanga ratorwa, akaenda kunhare yomuzinda wamambo
akabva azvipisira mumuzinda. Naizvozvo akafa, 19 nokuda kwezvivi
zvaakanga aita, achiita zvakaipa pamberi paJehovha uye achifamba mun-
zira dzaJerobhoamu nomuchivi chaakanga aita, uye nechivi chaakanga
aita kuti Israeri iite.
20 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaZimuri, noku-
mukira kwake kwaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo
dzegore negore dzamadzimambo aIsraeri?

### *Omuri Mambo weIsraeri*

21 Ipapo vanhu veIsraeri vakaparadzana vakaita zvikwata zviviri; hafu
ikatevera Tibhini, mwanakomana waGinati, kuti ave mambo, uye imwe
hafu ikatevera Omuri. 22 Asi vateveri vaOmuri vakakunda vateveri
vaTibhini, mwanakomana waGinati. Saka Tibhini akafa, Omuri akava
mambo.
23 Mugore ramakumi matatu nerimwe raAsa, mambo weJudha, Omuri
akava mambo weIsraeri, uye akatonga kwamakore gumi namaviri,
matanhatu acho muTiza. 24 Akatenga gomo reSamaria kubva kuna
Shemeri namatarenda maviri* esirivha uye akavaka guta pagomo iri,
achiritumidza kuti Samaria, zvichibva pana Shemeri, zita rouyo aimbova
muridzi wegomo.
25 Asi Omuri akaita zvakaipa pamberi paJehovha, akatadza kupfuura
vose vakanga vamutangira. 26 Akafamba munzira dzose dzaJerobhoamu
mwanakomana waNebhati nomuchivi chake, chaakaita kuti Israeri iite,
zvokuti vakaita kuti Jehovha, Mwari waIsraeri, atsamwe nokuda kwezvi-
fananidzo zvavo zvisina maturo.

---

* **16:24** 16:24 makirogiramu angaita 70

27 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaOmuri, nez-
vaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzegore ne-
gore dzamadzimambo eIsraeri? 28 Omuri akazorora namadzibaba ake
akavigwa muSamaria. Uye Ahabhu mwanakomana wake akamutevera
paumambo.

*Ahabhu anova Mambo weIsraeri*

29 Mugore ramakumi matatu namasere raAsa, mambo weJudha,
Ahabhu, mwanakomana waOmuri, akava mambo weIsraeri, uye akatonga
Israeri muSamaria kwamakore makumi maviri namaviri. 30 Ahabhu,
mwanakomana waOmuri, akaita zvakaipa pamberi paJehovha kupfuura
vose vakamutangira. 31 Akazviona zviri zvinhu zvidiki kuita zvivi zva-
Jerobhoamu mwanakomana waNebhati, uye pamusoro pezvo akawana
Jezebheri mwanasikana waEtibhaari mambo wavaSidhoni, akatanga
kushandira Bhaari uye akamunamata. 32 Akavakira Bhaari aritari
mutemberi yaBhaari yaakavaka muSamaria. 33 Ahabhu akagadzirawo
danda raAshera akaita kuti Jehovha, Mwari waIsraeri, atsamwe kupfuura
zvakaita madzimambo akamutangira.

34 Munguva yaAhabhu, Hieri wokuBheteri akavakazve Jeriko.
Mwanakomana wake wedangwe, Abhiramu, akafa paakavaka
hwaro hweguta, uye mwanakomana wake wegotwe Segubhi akafa
paakamisa masuo aro, sezvazvakarehwa neshoko raJehovha naJoshua
mwanakomana waNuni.

# 17

*Eria muTishibhi anopiwa kudya namakunguo*

1 Zvino Eria muTishibhi aigara muGireadhi, akati kuna Ahabhu,
“NaJehovha, Mwari waIsraeri mupenyu, wandinoshumira, hakuchazova
nedova kana mvura inonaya mumakore anotevera kunze kwokutenge
ndareva ini.”

2 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kuna Eria richiti, 3 “Ibva pano, nanga
kumabvazuva undovanda paRukova rweKeriti, kumabvazuva kweJorod-
hani. 4 Uchanwa mvura yorukova urwu, uye ndarayira makunguo kuti
akupe zvokudya ikoko.”

5 Saka akaita zvaakanga audzwa naJehovha. Akaenda kuRukova
rweKeriti, kumabvazuva kweJorodhani, akagarako. 6 Makunguo akamuvi-
gira chingwa nenyama mangwanani, nechingwa nenyama manheru, uye
akanwa mvura murukova.

*Chirikadzi yaigara paZarefati*

7 Mushure menguva yakati, rukova rwakapwa nokuti mvura yakanga
isinganayi panyika. 8 Zvino shoko raJehovha rakauya kwaari ri-
chiti, 9 “Simuka izvozvi uende kuZarefati kunyika yeSidhoni undoga-
rako. Ndarayira chirikadzi iri munzvimbo iyoyo kuti ikupe zvokudya.”
10 Naizvozvo akaenda kuZarefati. Paakasvika pasuo reguta, chirikadzi
yakanga iripo ichitsvaga huni. Akamudana akamubvunza akati, “Mungan-
divigirawo mvura shoma shoma mumukombe here kuti ndinwe?”
11 Paakanga ava kuenda kundoitora, iye akadanidzira akati, “Mundivi-
girewo chimedu chechingwa, ndapota.”

12 Iye akapindura akati, “Zvirokwazvo naJehovha Mwari wenyu mu-
penyu, handina chingwa. Ndinongova netufurawu tushoma shoma
muhari namafuta mashoma shoma muhari. Ndiri kunhonga huni shoma

shoma kuti ndiende nadzo kumba ndinozvibikira kudya ini nomwanakomana wangu, kuti tigodya, tife hedu."

13 Eria akati kwaari, "Usatya. Enda kumba undoita sezvawareva.
Asi tanga wandibikira chingwa chiduku pane zvaunazvo ugouya nacho
kwandiri, mushure ugozvigadzirira iwe nomwanakomana wako. 14 Nokuti
zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri, 'Furawu iri muhari imomo haizoperi uye mafuta ari muhari haazoperi kusvikira zuva iro richanayiswa mvura panyika naJehovha.' "

15 Akaenda akandoita sezvaakanga audzwa naEria. Saka zvokudya
zvaEria zvakavapo mazuva ose uyewo nezvomukadzi nemhuri yake.
16 Furawu yaiva muhari haina kupera uye mafuta aiva muhari haana kupera, sezvazvakanga zvarehwa neshoko raJehovha rakataurwa naEria.

17 Kwapera nguva yakati, mwanakomana womukadzi, muridzi weimba,
akarwara. Kurwara kwake kwakanyanya kwazvo, pakupedzisira akamira
kufema. 18 Mukadzi akati kuna Eria, "Ndakakutadzireiko, munhu waMwari? Wakauya here kuzondirangaridza chivi changu nokuuraya mwanakomana wangu?"

19 Eria akapindura akati, "Ndipe mwanakomana wako kuno." Akamu-
tora kubva mumaoko ake, akamutakura akaenda naye kuimba yapamu-
soro yaaigara, akamuradzika pamubhedha wake. 20 Ipapo akadanidzira
kuna Jehovha akati, "Haiwa, Jehovha Mwari wangu, mauyisawo here dambudziko pachirikadzi iyi yandiri kugara nayo, nokuuraya mwanako-
mana wayo?" 21 Ipapo akazvambarara pamusoro pomukomana katatu
akadanidzira kuna Jehovha akati, "Haiwa Jehovha Mwari wangu, itai kuti mweya womukomana uyu udzokere maari!"

22 Jehovha akanzwa kudanidzira kwaEria, mweya womukomana ukad-
zokera maari, akararama. 23 Eria akatora mwana akamutakura achibuda
mumba maakanga ari akaenda naye mumba huru. Akamupa kuna mai vake akati, "Tarirai, mwanakomana wenyu mupenyu!"

24 Ipapo mukadzi akati kuna Eria, "Zvino ndazoziva kuti muri munhu waMwari uye kuti shoko raJehovha rinobuda mumuromo menyu nderechokwadi."

# 18

### *Eria naObhadhia*

1 Zvino mushure menguva huru, mugore rechitatu, shoko raJehovha rakauya kuna Eria richiti, "Enda undozviratidza kuna Ahabhu, uye ini ndichanayisa mvura panyika."

2 Saka Eria akaenda kundozviratidza kuna Ahabhu.

Zvino nzara yakanga yanyanya kwazvo muSamaria, 3 uye Ahabhu
akanga adana Obhadhia uyo akanga ari mutariri womuzinda wake.
(Obhadhia akanga achitenda kuna Jehovha zvikuru kwazvo. 4 Jezebheri
paakanga achiuraya vaprofita vaJehovha, Obhadhia akanga atora vaprofita zana akavaviga mumapako maviri, makumi mashanu mune rimwe
nerimwe. Uye akavapa kudya nemvura.) 5 Ahabhu akanga ati kuna
Obhadhia, "Enda munyika umu kuzvitubu zvose nemipata yose. Zvimwe tingawana uswa tiraramise mabhiza namanyurusi kuitira kuti tirege
kuzouraya kana chimwe chete chezvipfuwo zvedu." 6 Saka vakagovana
nzvimbo dzavaizoenda, Ahabhu achienda kune rimwe divi, Obhadhia kune rimwewo divi.

7 Obhadhia akati achifamba, Eria akasangana naye. Obhadhia aka-
muziva akakotamira pasi, akati, “Chaizvoizvo chokwadi, ndimi here ishe
wangu Eria?”

8 Akapindura akati, “Hongu. Enda undoudza ishe wako kuti, ‘Eria ari
kuno.’ ”

9 Obhadhia akabvunza akati, “Ndatadzeiko zvamava kuendesa muranda
wenyu kuna Ahabhu kuti andourayiwa? 10 Zvirokwazvo naJehovha Mwari
wenyu mupenyu, hakuna rudzi kana nyika, ishe wangu, kwaasina kutuma
mumwe munhu kuti andokutsvagai. Uye kana pane nyika kana rudzi vaiti
makanga musiko, aitovamanikidza kuti vapike kuti vakanga vakushayai.
11 Asi zvino mava kundiudza kuti ndiende kuna ishe wangu ndinoti,
‘Eria ari kuno.’ 12 Ini handizivi kuti Mweya waJehovha uchakuendesai
kupi kana ndabva pano pamuri. Kana ndikaenda kundoudza Ahabhu,
iye akazokushayai, anondiuraya. Asi ini muranda wenyu ndakashumira
Jehovha kubvira pauduku hwangu. 13 Ishe wangu, hamuna kunzwa here
zvandakaita, Jezebheri paakanga achiuraya vaprofita vaJehovha? Ndakav-
iga vaprofita vaJehovha zana mumapako maviri, makumi mashanu mune
rimwe nerimwe uye ndakavapa kudya nemvura. 14 Zvino mava kundiudza
kuti ndiende kuna ishe wangu ndinoti, ‘Eria ari kuno.’ Anondiuraya!”

15 Eria akati, “NaJehovha Wamasimba Ose mupenyu, wandinoshandira,
zvirokwazvo ndichazvipira kuna Ahabhu nhasi.”

### *Eria paGomo reKarimeri*

16 Saka Obhadhia akaenda kundosangana naAhabhu akamuudza, uye
Ahabhu akaenda kundosangana naEria. 17 Paakaona Eria, akati kwaari,
“Ndiwe here, iwe mutambudzi weIsraeri?”

18 Eria akapindura akati, “Handina kuuyisa dambudziko kuIsraeri, asi
imi nemhuri yenyu ndimi makadaro. Makasiya mirayiro yaJehovha
mukatevera Bhaari. 19 Zvino danai vanhu muIsraeri yose kuti vazosan-
gana neni paGomo reKarimeri. Muuyewo namazana mana namakumi
mashanu avaprofita vaBhaari namazana mana avaprofita vaAshera
vanodya patafura yaJezebheri.”

20 Saka Ahabhu akatuma shoko muIsraeri yose akaunganidza vaprof-
ita paGomo reKarimeri. 21 Eria akaenda pamberi pavanhu akati,
“Mucharamba muchifunga mifungo miviri kusvikira riniko? Kana
Jehovha ari Mwari, muteverei; asi kana Bhaari ari Mwari, muteverei.”

Asi vanhu havana chavakataura.

22 Zvino Eria akati kwavari, “Ini chete pavaprofita vaJehovha ndini
ndasara, asi Bhaari ane vaprofita mazana mana namakumi mashanu.
23 Titorerei hando mbiri. Ivo ngavazvisarudzire yavo, uye ngavaicheke-
cheke kuita zvidimbu zvidimbu vagoiisa pamusoro pehuni, asi havafaniri
kudzitungidza nomoto. Ini ndichagadzira imwe hando yacho ndigoiisa
pamusoro pehuni asi handizodzitungidzi nomoto. 24 Ipapo mudane
kuzita ramwari wenyu, uye ini ndichadana kuzita raJehovha. Mwari
achapindura nomoto ndiye Mwari.”

Ipapo vanhu vose vakati, “Zvawataura zvakanaka.”

25 Eria akati kuvaprofita vaBhaari, “Sarudzai imwe yehando idzi
mugotanga imi kuigadzira, sezvo makawanda. Danai kuzita ramwari
wenyu, asi musatungidza moto.” 26 Saka vakatora hando yavakanga
vapiwa vakaigadzira.

Ipapo vakadana kuzita raBhaari kubvira mangwanani kusvikira
masikati. Vakadanidzira vakati, “Bhaari, tipindure!” Asi mhinduro

haina kuwanikwa; hapana akapindura. Vakatamba vachipoterera aritari
yavakanga vaita.
27 Ava masikati, Eria akatanga kuvatuka akati, “Danidzirisai! Zvi-
rokwazvo ndimwari! Zvichida ari kufunga zvakadzama kwazvo, kana kuti
ane basa kwazvo, kana kuti ari parwendo. Zvimwe akavata zvokuti an-
otofanira kumutswa.” 28 Saka vakatonyanyisa kudanidzira, vakazvicheka-
cheka neminondo namapfumo, setsika yavo, kusvikira ropa ravo raerera.
29 Masikati akapfuura, ivo vakaramba vachiprofita zveshungu kusvikira
nguva yechibayiro chamanheru. Asi hapana chakaitika, hapana akapin-
dura, hapana akaratidza hanya.
30 Ipapo Eria akati kuvanhu vose, “Uyai kuno kwandiri.” Vakauya
kwaari, iye akagadzira aritari yaJehovha yakanga yaputswa. 31 Eria
akatora mabwe gumi namaviri, rimwe chete rakamirira rudzi rumwe
chete rwavanakomana vaJakobho, uyo akanga audzwa naJehovha kuti,
“Zita rako richava Israeri.” 32 Akashandisa mabwe aya kuvaka aritari
muzita raJehovha, uye akachera mugero waipoteredza aritari wakanga
wakakura zvokuti waikwana maseya maviri* embeu. 33 Akaronga huni,
akacheka hando kuita zvidimbu zvidimbu, akaiisa pamusoro pehuni.
Ipapo akati kwavari, “Zadzai zvirongo zvikuru zvina nemvura mugoidira
pamusoro pechipiriso napamusoro pehuni.”
34 Akati, “Pamhidzai zvakare,” ivo vakapamhazve.
Akatizve, “Pamhidzai kechitatu.” 35 Mvura yakaerera ichipoteredza
aritari ikazadzawo nomugero.
36 Panguva yechibayiro, muprofita Eria akaenda pamberi akana-
mata akati, “Haiwa Jehovha, Mwari waAbhurahama, Isaka naIsraeri,
ngazvizivikanwe nhasi kuti ndimi Mwari munyika yeIsraeri uye kuti ini
ndiri muranda wenyu, uyewo kuti ndaita zvinhu zvose izvi sezvamakandi-
rayira. 37 Haiwa Jehovha, ndipindurei, ndipindurei, kuitira kuti vanhu ava
vazive kuti imi, Jehovha, ndimi Mwari, uye kuti muri kudzora mwoyo yavo
zvakare.”
38 Ipapo moto waJehovha wakaburuka ukapisa chibayiro, nehuni
namabwe nevhu, ukananzva mvura yose yaiva mumugero.
39 Vanhu vose pavakaona izvi, vakawira pasi nezviso zvavo,
vakadanidzira vachiti, “Jehovha ndiye Mwari! Jehovha ndiye Mwari!”
40 Ipapo Eria akavarayira akati, “Batai vaprofita vaBhaari. Musarega
kana mumwe chete achipunyuka!” Vakavabata, uye Eria akaita kuti
vaendeswe zasi kuMupata weKishoni vakandourayirwako.
41 Uye Eria akati kuna Ahabhu, “Chienda undodya uye unwe, nokuti
kune kutinhira kwemvura zhinji.” 42 Saka Ahabhu akaenda kundodya
nokunwa, asi Eria akakwira pamusoro pegomo reKarimeri, akakotamira
pasi akaisa chiso chake pakati pamabvi ake.
43 Akaudza muranda wake kuti, “Enda undotarisa kwakadziva ku-
gungwa.” Akakwira akandotarisa.
Akati, “Hakuna chiriko uku.”
Eria akati, “Dzokerazve,” kanomwe.
44 Kechinomwe muranda akati, “Gore duku rakaenzana nechanza
chomunhu riri kukwira richibva mugungwa.”
Saka Eria akati, “Enda undoudza Ahabhu kuti, ‘Sunga ngoro yako
uburuke usati wadzivirirwa nemvura.’ ”
45 Panguva imwe cheteyo denga rakasviba namakore, mhepo ikavhu-
vhuta, mvura zhinji ikauya, Ahabhu akaenda nengoro kuJezireeri.

* **18:32** 18:32 makirogiramu angaita 70

46 Simba raJehovha rakauya pana Eria, akasunga jasi rake nebhanhire,
akamhanya pamberi paAhabhu nzira yose kusvika kuJezireeri.

# 19

*Eria anotizira kuHorebhi*

1 Zvino Ahabhu akaudza Jezebheri zvose zvakanga zvaitwa naEria
nokuuraya kwaakanga aita vaprofita vose nomunondo. 2 Ipapo Jezebheri
akatuma nhume kuna Eria kundoti, "Vamwari ngavandirange, vanyanyise
kudaro, kana nenguva ino mangwana, ndikasaita kuti upenyu hwako
hufanane nehwomumwe wavo."

3 Eria akatya akatiza kuti aponese upenyu hwake. Paakasvika kuBheer-
ishebha muJudha, akasiya muranda wake ikoko, 4 iye pachake akafamba
rwendo rwezuva rimwe chete achipinda mugwenga. Akasvika pamuti
womurara, akagara pasi pawo akanamata kuti achifa. Akati, "Zvaringana
hazvo, Jehovha. Chitorai upenyu hwangu; handipfuuri madzitateguru
angu pakururama." 5 Ipapo akarara pasi pomuti akabatwa nehope.

Pakarepo mutumwa akamubata akati, "Simuka udye." 6 Akatarisa-
tarisa, akaona chingwa chakanga chabikwa pamazimbe omoto pedyo
nomusoro wake, nechirongo chemvura. Akadya, akanwa, akabva arara
zvakare.

7 Mutumwa waJehovha akadzoka kechipiri akamubata akati, "Simuka
udye, nokuti rwendo rungakuremera." 8 Naizvozvo akamuka akadya,
akanwa. Zvokudya izvozvo zvakamupa simba zvokuti akafamba kwa-
mazuva makumi mana nousiku makumi mana kusvikira asvika pa-
Horebhi, gomo raMwari. 9 Ipapo akapinda mubako akarara usiku hwose.

*Jehovha anozviratidza kuna Eria*

Zvino shoko raJehovha rakasvika kwaari richiti, "Uri kuiteiko pano,
Eria?"

10 Akapindura akati, "Ndakanga ndichishingairira Jehovha Mwari Wa-
masimba Ose kwazvo. VaIsraeri vakaramba sungano yenyu, vakaputsa
aritari dzenyu, uye vakauraya vaprofita venyu nomunondo. Ndini ndoga
ndasara, zvino vava kuedza kundiurayawo."

11 Jehovha akati, "Buda panze umire pagomo pamberi paJehovha, nokuti
Jehovha ari kuda kuzopfuura nepo."

Ipapo mhepo huru ine simba yakapamura makomo ikapwanya mabwe
pamberi paJehovha, asi Jehovha akanga asiri mumhepo. Mushure
memhepo, pakava nokudengenyeka kwenyika, asi Jehovha akanga
asiri mukudengenyeka ikoko. 12 Mushure mokudengenyeka kwenyika
kwakauya moto, asi Jehovha akanga asiri mumoto. Uye shure kwomoto
akanzwa inzwi richitaura nakazevezeve kakapfava. 13 Eria paakarinzwa,
akafukidza chiso chake nejasi rake akabuda panze akamira pamuromo
webako.

Ipapo inzwi rakati kwaari, "Uri kuiteiko pano, Eria?"

14 Akapindura akati, "Ndakanga ndichishingairira Jehovha Mwari Wa-
masimba Ose kwazvo. VaIsraeri vakaramba sungano yenyu, vakaputsa
aritari dzenyu, uye vakauraya vaprofita venyu nomunondo. Ndini ndoga
ndasara, zvino vava kuedza kundiurayawo."

15 Jehovha akati kwaari, "Dzokera nenzira yawauya nayo, ugoenda
kuGwenga reDhamasiko. Kana wasvikako, uzodze Hazaeri kuti ave
mambo weAramu. 16 Uzodzezve Jehu, mwanakomana waNimishi kuti ave

mambo weIsraeri, ugozodza Erisha, mwanakomana waShafati wokuAb-
heri Mehora kuti atore nzvimbo yako somuprofita. 17 Jehu achauraya vose
vachapunyuka munondo waHazaeri, uye Erisha achaurayawo vose vacha-
punyuka munondo waJehu. 18 Kunyange zvakadaro, ndakachengeta zvi-
uru zvinomwe zvavanhu muIsraeri, vose vane mabvi asina kupfugamira
Bhaari uye vane miromo isina kumutsvoda."

*Kudanwa kwaErisha*

19 Naizvozvo Eria akabvapo akandowana Erisha mwanakomana
waShafati. Akanga achirima nehando dzakasungwa pamajoko gumi
namaviri, iye achichaira joko regumi namaviri. Eria akaenda kwaari
akakanda jasi rake paari. 20 Ipapo Erisha akasiya hando dzake akamhanya
achitevera Eria. Akati, "Regai ndimbonotsvoda baba namai vangu
ndichionekana navo, ndigozoenda nemi."

Eria akati, "Dzokera zvako. Ndakuiteiko?"

21 Naizvozvo Erisha akamusiya akadzokera. Akatora hando dzejoko
rake akadzibaya. Akashandisa zvaairimisa sehuni dzokubikisa nyama
yacho, akaipa kuvanhu, ndokubva vadya. Ipapo akasimuka akatevera Eria
akabva ava muranda wake.

# 20

*Bheni-Hadhadhi anorwisa Samaria*

1 Zvino Bheni-Hadhadhi mambo weAramu akaunganidza varwi vake
vose. Achibatsirwa namadzimambo makumi matatu namaviri vaine
mabhiza avo nengoro, akaenda akakomba Samaria akarirwisa. 2 Akatuma
nhume muguta kuna Ahabhu mambo weIsraeri kundoti, "Zvanzi naBheni-
Hadhadhi, 3 'Sirivha yako negoridhe ndezvangu, uye vakadzi vako navana
vako vakanyanyisa kunaka ndevangu.' "

4 Mambo weIsraeri akapindura akati, "Sezvamataura, ishe wangu
mambo. Ini nezvose zvandinazvo ndiri wenyu."

5 Nhumwa dzakauya zvakare ndokusvikoti, "Zvanzi naBheni-Hadhadhi,
'Ndakatumira shoko rokuti ndinoda sirivha yako negoridhe, navakadzi
vako navana vako. 6 Asi mangwana nenguva yakaita seino ndicha-
tuma varanda vangu kuti vazotsvagisisa mumuzinda wako nomudzimba
dzavaranda vako. Vachatora zvose zvaunokoshesa vagoenda nazvo.' "

7 Mambo weIsraeri akadana vakuru vose venyika akati kwavari, "Tarisai
muone kuti murume uyu ari kutsvaga muromo sei! Paakati ari kuda
kutora vakadzi vangu navana vangu, nesirivha yangu negoridhe rangu,
handina kurambira."

8 Vakuru navanhu, vose vakapindura vakati, "Musateerera kwaari kana
kubvumirana nezvaari kuda."

9 Naizvozvo akapindura nhume dzaBheni-Hadhadhi akati, "Udzai ishe
wangu mambo kuti, 'Muranda wenyu achaita zvose zvamakamukumbira
pakutanga, asi chikumbiro ichi chazvino handigoni kuchizadzisa.' "
Vakasimuka vakaenda nemhinduro kwavakanga vabva, kuna Bheni-
Hadhadhi.

10 Saka Bheni-Hadhadhi akatumira rimwe shoko kuna Ahabhu achiti,
"Vamwari ngavaitewo kwandiri, vanyanyise kudaro, kana guruva ringak-
wana kupa mumwe nomumwe wamauto angu kuti azadze chanza chake
rikasara muSamaria."

11 Mambo weIsraeri akapindura akati, "Muudzei kuti, 'Uyo anoshonga
nhumbi dzokurwa ngaarege kuzvirumbidza souyo anodzibvisa.' "

12 Bheni-Hadhadhi akanzwa shoko iri iye namadzimambo pavakanga
vachinwa vari mumisasa, akabva arayira mauto ake akati, "Gadzirirai
kundorwisa." Saka vakagadzirira kundorwisa guta.

### *Ahabhu anokunda Bheni-Hadhadhi*

13 Panguva iyoyo mumwe muprofita akauya kuna Ahabhu mambo
weIsraeri, akati, "Zvanzi naJehovha: 'Uri kuona hondo huru huru iyi here?
Ndichaiisa muruoko rwako nhasi, ipapo uchaziva kuti ndini Jehovha.' "

14 Ahabhu akabvunza akati, "Asi ndiani achaita izvi?"

Muprofita akapindura akati, "Zvanzi naJehovha: 'Majaya amachinda
omumatunhu ndiwo achazviita.' "

Akabvunza akati, "Zvino ndiani achatanga hondo yacho?"

Muprofita akapindura akati, "Ndiwe uchaitanga."

15 Saka Ahabhu akaunganidza majaya amachinda omumatunhu,
varume vaikwana mazana maviri namakumi matatu navaviri. Mushure
akaunganidza vamwe vaIsraeri, pamwe chete zviuru zvinomwe.
16 Vakasimuka masikati, Bheni-Hadhadhi namadzimambo makumi matatu
navaviri vaiva kudivi rake panguva yavakanga vari mumisasa yavo
vachidhakwa. 17 Majaya amachinda omumatunhu ndiwo akatanga
kuenda.

Zvino Bheni-Hadhadhi akanga atuma vasori uye vakamuudza kuti,
"Kune varume vari kubva kuSamaria."

18 Akati, "Kana vauya kuzotsvaga rugare, vabatei vari vapenyu; kana
vauya kuzorwa, vabatei vari vapenyu."

19 Majaya amachinda omumatunhu akafamba achibuda muguta varwi
vari mumashure mavo 20 uye mumwe nomumwe wavo akauraya waakar-
wisana naye. VaAramu vakatiza, vaIsraeri vachivadzingirira. Asi Bheni-
Hadhadhi mambo weAramu akatiza akatasva bhiza, navamwe vavarwi
vake vaiva namabhiza. 21 Mambo weIsraeri akabuda akakunda mabhiza
nengoro, akauraya vaAramu vakawanda kwazvo.

22 Mushure maizvozvo, muprofita akauya kuna mambo weIsraeri akati,
"Simbisa chinzvimbo chako ugoona zvinofanira kuitwa, nokuti muchirimo
chiri kutevera mambo weAramu achakurwisa zvakare."

23 Panguva imwe cheteyo, varanda vamambo weAramu vakati kwaari,
"Vamwari vavo ndavamwari vamakomo. Ndicho chikonzero vakatikurira.
Asi tikarwa navo mumapani, zvirokwazvo tichavakurira. 24 Itai izvi:
Bvisai madzimambo ose panzvimbo dzavo dzokutonga mugovatsiva
navamwe vabati. 25 Munofanirawo kuzviunganidzira hondo yakafanana
neyamakarasikirwa nayo, bhiza nebhiza nengoro nengoro, kuitira kuti tik-
wanise kurwa navaIsraeri mumapani. Ipapo zvirokwazvo tichavakurira."
Akabvumirana navo akaita saizvozvo.

26 Muchirimo chakatevera Bheni-Hadhadhi akaunganidza vaAramu
akakwidza kuAfeki kundorwa neIsraeri. 27 VaIsraeri vakati vaun-
ganidzwawo uye vapiwa zvose zvinodiwa pakurwa hondo, vakafamba
vachienda kundosangana navo. VaIsraeri vakadzika musasa wavo
vakatarisana navo, vachinge mapoka maduku maviri embudzi, ukuwo
vaAramu vakazadza nyika.

28 Munhu waMwari akauya akaudza mambo weIsraeri kuti, "Zvanzi
naJehovha: 'Nokuda kwokuti vaAramu vanofunga kuti Jehovha ndimwari
wamakomo, uye kuti haasi mwari wemipata, ndichaisa hondo huru huru
iyi mumaoko ako, uye uchaziva kuti ndini Jehovha.' "

29 Kwamazuva manomwe vakagara pamisasa yavo vakatarisana, uye
nezuva rechinomwe hondo yakatanga. VaIsraeri vakauraya zana rezviuru

zvamauto etsoka avaAramu musi mumwe chete. 30 Vakasara vakatizira
kuguta reAfeki, uko kwakandowira rusvingo pamusoro pezviuru makumi
maviri nezvinomwe zvavo. Uye Bheni-Hadhadhi akatizira kuguta akando-
hwanda muimba yomukati.

31 Varanda vake vakati kwaari, "Tarirai, takanzwa kuti madzimambo
eimba yaIsraeri ane tsitsi. Ngatiendei kuna mambo weIsraeri takasun-
girira masaga muzviuno zvedu, uye takasunga misoro yedu netambo.
Zvichida angakuregai muri mupenyu."

32 Vakasungirira masaga muzviuno zvavo vakasunga misoro yavo
netambo, vakabva vaenda kuna mambo weIsraeri vakasvikoti, "Muranda
wenyu Bheni-Hadhadhi ati, 'Ndapota, dai mangondirega ndararama.' "

Mambo akapindura akati, "Achiri mupenyu nazvino? Ihama yangu."

33 Varume ava vakazviona sechiratidzo chakanaka ndokukurumidza
kutevedzera zvaakanga areva. Vakati, "Hongu, hama yenyu Bheni-
Hadhadhi!"

Mambo akati, "Endai munomutora." Bheni-Hadhadhi akati achibuda,
Ahabhu akamukwidza mungoro yake.

34 Bheni-Hadhadhi akati kwaari, "Ndichadzosera maguta akatorwa
nababa vangu kuna baba vako. Unogonawo kuisa misika yako muD-
hamasiko, sezvakaitwa nababa vangu muSamaria."

Ahabhu akati, "Nokuda kwechibvumirano ichi, ndichakusunungura."
Saka akaita chibvumirano naye, akamurega achienda.

### *Muprofita anopa Ahabhu mutongo*

35 Mumwe wavanakomana vavaprofita arayirwa naJehovha, akati
kushamwari yake, "Ndirove!" asi murume uyu akaramba.

36 Naizvozvo muprofita akati, "Zvausina kuteerera Jehovha, uchingobva
pano pandiri, uchaurayiwa neshumba." Zvino murume uyu achangobva
paakanga ari, shumba yakamuwana ikamuuraya.

37 Muprofita akawana mumwe murume akati, "Ndapota, ndirove."
Naizvozvo murume uyu akamurova, akamukuvadza. 38 Ipapo muprofita
akaenda akandomirira mambo pamugwagwa. Akazviita somumwe
munhu akakwevera pasi mucheka wake womusoro kuti uvharidzire
maziso ake. 39 Mambo paakanga ava kupfuura nepo muprofita
akadanidzira kwaari akati, "Muranda wenyu akaenda pakatikati pehondo
payakanga ichirwiwa, mumwe munhu akauya kwandiri nomusungwa
akati, 'Chengeta murume uyu. Kana akashayikwa upenyu hwako
huchatsiva hwake, kana kuti ucharipa netarenda* resirivha.' 40 Muranda
wenyu paakanga ari mubishi rokuita basa pano nekoko, murume uya
akanyangarika."

Mambo weIsraeri akati, "Iwoyo ndiwo mutongo wako. Ndiwe wautaura
woga."

41 Ipapo muprofita akakurumidza kubvisa mucheka pamaziso ake,
mambo weIsraeri akabva amuziva kuti aiva mumwe wavaprofita. 42 Akati
kuna mambo, "Zvanzi naJehovha: 'Wakasunungura munhu wandakanga
ndati anofanira kufa. Naizvozvo upenyu hwako huchatsiva hwake, vanhu
vako vachatsiva vanhu vake.' " 43 Mambo weIsraeri akaenda kumuzinda
wake muSamaria aora mwoyo uye ashatirwa.

## 21

### *Munda weMizambiringa waNabhoti*

* **20:39** 20:39 makirogiramu angaita 34

1 Kwapera nguva yakati, pane imwe nyaya yakaitika pamusoro pomunda wemizambiringa waNabhoti muJezireeri. Munda wemizambiringa uyu waiva muJezireeri, pedyo nomuzinda waAhabhu mambo
weSamaria. 2 Ahabhu akati kuna Nabhoti, "Ndipe munda wako wemizambiringa kuti ndiuite bindu romuriwo, sezvo uri pedyo nomuzinda wangu. Ini ndichatsinhanhisa nokukupa munda wemizambiringa uri nani, kana kuti, kana uchida, ndichakuripa mari inoenderana nomutengo wawo."

3 Asi Nabhoti akapindura akati, "Jehovha ngaazvirambidze kuti ndikupei nhaka yamadzibaba angu."

4 Saka Ahabhu akaenda kumba akasuwa uye akashatirwa nokuti Nabhoti muJezireeri akanga ati, "Handisi kuzokupai nhaka yamadzibaba angu." Akarara pamubhedha wake akazvidya mwoyo, akaramba kudya.

5 Jezebheri, mukadzi wake, akapindamo akamubvunza akati, "Sei makasuwa kudai? Sei musiri kudya?"

6 Akamupindura akati, "Nokuti ndati kuna Nabhoti muJezireeri, 'Nditengesere munda wako wemizambiringa; kana kuti, kana uchida, ndichakupa mumwe munda wemizambiringa kune imwe nzvimbo kuti, utsive uyu.' Asi iye ati, 'Handisi kuzokupai munda wangu wemizambiringa.' "

7 Jezebheri, mukadzi wake akati, "Izvi ndizvo here zvamunoita samambo weIsraeri? Simukai mudye! Faranukai. Ndichakuwanirai munda wemizambiringa waNabhoti muJezireeri."

8 Naizvozvo akanyora matsamba muzita raAhabhu, akadhinda chidhindo chake padziri, akadzitumira kuvakuru nokumachinda aaigara nawo muguta raNabhoti.

9 Mumatsamba aya akanyora akati:

"Daidzirai zuva rokutsanya mugogadzika Nabhoti panzvimbo yakakwirira pakati pavanhu.
10 Asi gadzai nhubu mbiri pakatarisana naye uye mugoita kuti dzipupure dzichiti akatuka Mwari namambo. Ipapo mutorei muende naye kunze mugomutaka namabwe kusvikira afa."

11 Saka vakuru namachinda vaigara muguta raNabhoti vakaita sezvakanga zvarayirwa naJezebheri mumatsamba aakanga avanyorera.
12 Vakadaidzira zuva rokutsanya ndokugadzika Nabhoti panzvimbo yakakwirira pakati pavanhu.
13 Ipapo nhubu mbiri dzakauya dzikagara dzakatarisana naye dzikapomera Nabhoti mhosva pamberi pavanhu, dzichiti, "Nabhoti akatuka Mwari namambo." Naizvozvo vakamutora vakaenda naye kunze kweguta vakamutaka namabwe kusvikira afa.
14 Ipapo vakatumira shoko kuna Jezebheri vachiti, "Nabhoti atakwa namabwe uye afa."

15 Jezebheri paakangonzwa chete kuti Nabhoti akanga atakwa namabwe akafa, akati kuna Ahabhu, "Simukai muende mundotora munda wemizambiringa waNabhoti muJezireeri waakaramba kukutengeserai. Haachisiri mupenyu, asi afa."
16 Ahabhu paakanzwa kuti Nabhoti akanga afa, akasimuka akaenda kundotora munda wemizambiringa waNabhoti.

17 Zvino shoko raJehovha rakasvika kuna Eria muTishibhi richiti,
18 "Buruka pasi undosangana naAhabhu mambo weIsraeri, uyo ari kutonga muSamaria. Iye zvino ari mumunda wemizambiringa waNabhoti, waaenda kundotora.
19 Uti kwaari, 'Zvanzi naJehovha: Hauna here kuuraya munhu ukamutorera zvinhu zvake?' Ipapo uti kwaari, 'Zvanzi naJehovha: Panzvimbo yakananzvwa ropa raNabhoti nembwa, imbwa dzichananzva ropa rakowo ipapo, hongu, rako!' "

20 Ahabhu akati kuna Eria, "Saka wandiwanaka, muvengi wangu!"

Akapindura akati, “Ndakuwana nokuti wazvitengesa kuti uite zvakaipa
pamberi paJehovha. 21 ‘Ndichauyisa dambudziko guru pamusoro pako.
Ndichaparadza vana vako ndigouraya murume wose weimba yaA-
habhu muIsraeri, muranda neasiri muranda. 22 Ndichaita kuti imba
yako ifanane neyaJerobhoamu mwanakomana waNebhati neyaBhaasha
mwanakomana waAhija, nokuti waita kuti ndishatirwe uye waita kuti
Israeri iite chivi.’

23 “Zvino kana ari Jezebheriwo, Jehovha anoti: ‘Imbwa dzichadya
Jezebheri pamasvingo eJezireeri.’

24 “Imbwa dzichadya avo vaAhabhu vachafira muguta, uye shiri
dzedenga dzichadya avo vachafira musango.”

25 Hapana kumbova nomunhu akaita saAhabhu, akazvitengesa kuti aite
zvakaipa pamberi paJehovha, achikurudzirwa naJezebheri mukadzi wake.
26 Akaita zvinonyangadza kwazvo nokutevera zvifananidzo, sezvakanga
zvaitwa navaAmori, avo vakanga vadzingwa naJehovha pamberi pavaIs-
raeri.

27 Ahabhu paakanzwa mashoko aya, akabvarura nguo dzake, akapfeka
masaga akatsanya. Akapfeka masaga akafamba achizvininipisa.

28 Ipapo shoko raJehovha rakauya kuna Eria muTishibhi richiti,
29 “Waona here kuti Ahabhu azvininipisa sei pamberi pangu? Nokuti
azvininipisa, handichauyisa dambudziko guru iri mumazuva ake, asi
ndichariuyisa paimba yake mumazuva omwanakomana wake.”

# 22

*Mikaya anoprofita pamusoro paAhabhu*

1 Kwamakore matatu pakati peAramu neIsraeri pakanga pasina hondo.
2 Asi mugore rechitatu, Jehoshafati mambo weJudha akaburuka zasi
kundoona mambo weIsraeri. 3 Mambo weIsraeri akanga ati kuvaranda
vake, “Hamuzivi here kuti Ramoti Gireadhi ndeyedu asi hapana chatiri
kuita kuti tiitore zvakare kubva kuna mambo weAramu?”

4 Uye akakumbira Jehoshafati akati, “Uchaenda neni here kundorwa
neRamoti Gireadhi?”

Jehoshafati akapindura mambo weIsraeri achiti, “Ini ndakangofanana
newe, vanhu vangu vakafanana nevako, mabhiza angu samabhiza ako.”
5 Asi Jehoshafati akatiwo kuna mambo weIsraeri, “Tanga watsvaga
zvinorayirwa naJehovha.”

6 Saka mambo weIsraeri akaunganidza pamwe chete, vaprofita, van-
gangoita varume mazana mana, akavabvunza akati, “Ndoenda here
kundorwa neRamoti Gireadhi, kana kuti ndoregera?”

Vakapindura vakati, “Endai nokuti Jehovha achaiisa muruoko rwa-
mambo.”

7 Asi Jehoshafati akabvunza achiti, “Hapana here mumwe muprofita
waJehovha pano watingabvunza?”

8 Mambo weIsraeri akapindura Jehoshafati akati, “Pachine murume
mumwe chete watinogona kubvunza Jehovha naye, asi ndinomuvenga
nokuti haamboprofiti chinhu chakanaka pamusoro pangu asi zvakaipa
nguva dzose. NdiMikaya, mwanakomana waImura.”

Jehoshafati akapindura akati, “Mambo haafaniri kutaura kudaro.”

9 Saka mambo weIsraeri akadana mumwe wavaranda vake akati, “Uyisa
Mikaya mwanakomana waImura izvozvi.”

10 Mambo weIsraeri naJehoshafati, mambo weJudha, vakanga vakagara
pazvigaro zvavo vakapfeka nguo dzavo dzoumambo vari paburiro, pedyo
nesuo reSamaria, vaprofita vose vachiprofita pamberi pavo. 11 Zvino
Zedhekia mwanakomana waKenaana akanga agadzira nyanga dzesimbi,
akati, "Zvanzi naJehovha: 'Nedzidzi muchatunga vaAramu kusvikira
vaparara!' "
12 Vamwe vaprofita vose vakanga vachiprofita zvimwe chetezvo. Vakati,
"Rwisai Ramoti Gireadhi mukunde, nokuti Jehovha achariisa muruoko
rwamambo."
13 Nhume yakanga yaenda kundodana Mikaya yakati kwaari, "Tarirai,
somunhu mumwe chete, vamwe vaprofita vari kutaura kuti mambo
vachabudirira. Shoko renyu ngaribvumirane neravo, uye mutaurewo
zvakanaka."
14 Asi Mikaya akati, "NaJehovha mupenyu, ndinogona chete kumuudza
zvandinoudzwa naJehovha."
15 Paakasvika, mambo akamubvunza akati, "Mikaya, toenda here
kundorwa neRamoti Gireadhi, kana kuti torega?"
Akapindura akati, "Rwisai mukunde nokuti Jehovha achariisa muruoko
rwamambo."
16 Mambo akati kwaari, "Ndinofanira kukupikisa kangani kuti undiudze
chokwadi pasina chimwe chinhu muzita raJehovha?"
17 Ipapo Mikaya akapindura akati, "Ndakaona Israeri yose yakapararira
pamakomo samakwai asina mufudzi, uye Jehovha akati, 'Vanhu ava
havana tenzi. Mumwe nomumwe wavo ngaaende kumba norugare.' "
18 Mambo weIsraeri akati kuna Jehoshafati, "Handina kukuudza here
kuti haamboprofiti chinhu chakanaka pamusoro pangu, asi zvakaipa
chete?"
19 Mikaya akaenderera mberi akati, "Naizvozvo chinzwai shoko raJe-
hovha: Ndakaona Jehovha akagara pachigaro chake choushe, uye hondo
dzose dzokudenga dzakamira dzakamupoteredza kurudyi nokuruboshwe
kwake. 20 Zvino Jehovha akati, 'Ndiani achaenda kundokwezva Ahabhu
kuti arwise Ramoti Gireadhi agoenda kundofira ikoko?'
"Mumwe akataura izvi, mumwe akataura izvo. 21 Pakupedzisira,
mumwe mweya wakauya ukamira pamberi paJehovha ukati, 'Ndichan-
domukwezva ini.'
22 "Jehovha akabvunza akati, 'Nenzira ipi?'
"Iwo wakati, 'Ndichaenda ndonova mweya unoreva nhema mumiromo
yavaprofita vake vose.'
"Jehovha akati, 'Uchabudirira mukumukwezva. Enda undozviita.'
23 "Saka iye zvino Jehovha aisa mweya unoreva nhema mumiromo
yavaprofita venyu vose ava. Jehovha atema kuti muchawira mu-
dambudziko guru kwazvo."
24 Ipapo Zedhekia mwanakomana waKenaana akaenda kwaari akarova
Mikaya nembama. Akamubvunza achiti, "Mweya waJehovha wakafamba
nenzira ipiko uchibva kwandiri kuti uzotaura kwauri?"
25 Mikaya akapindura akati, "Uchazviziva musi wauchaenda kundo-
hwanda muimba yomukati."
26 Ipapo mambo weIsraeri akarayira akati, "Torai Mikaya mumudzosere
kuna Amoni mutongi weguta nokuna Joashi mwanakomana wamambo
27 muti, 'Zvanzi namambo: Isai munhu uyu mutorongo murege kumupa
chimwe chinhu kunze kwechingwa nemvura kusvikira ndadzoka noru-
gare.' "

28 Mikaya akati, “Kana zvikaitika kuti madzoka norugare, Jehovha haana
kutaura neni.” Ipapo akatizve, “Inzwai mashoko angu imi vanhu mose!”

### *Ahabhu anourayiwa paRamoti Gireadhi*

29 Saka mambo weIsraeri naJehoshafati mambo weJudha vakaenda
kuRamoti Gireadhi. 30 Mambo weIsraeri akati kuna Jehoshafati,
“Ndichapinda muhondo iyi ndichinge mumwe munhu, asi iwe pfeka
mbatya dzako dzoumambo.” Saka mambo weIsraeri akazviita somumwe
munhu akaenda kundorwa.
31 Zvino mambo weAramu akanga arayira vatungamiri vake vengoro
makumi matatu navaviri achiti, “Musarwa nomunhu upi zvake, muduku
kana mukuru, kunze kwamambo weIsraeri.” 32 Vatungamiri vengoro
pavakaona Jehoshafati, vakafunga kuti, “Zvirokwazvo uyu ndiye mambo
weIsraeri.” Naizvozvo vakatendeuka kuti vamurwise, asi Jehoshafati
paakaridza mhere, 33 vatungamiri vengoro vakaona kuti akanga asiriye
mambo weIsraeri ndokubva varega kumutevera.
34 Asi mumwe murume akapfura museve wake chipfurepfure akabva
abaya mambo weIsraeri paisangana zvipenga zvembatya dzake dzehondo.
Mambo akati kumuchairi wengoro yake, “Tendeutsa ngoro undibvise pano
pari kurwiwa. Ndakuvadzwa.” 35 Hondo yakarwiwa zuva rose, uye
mambo akaita zvokutsigirwa mungoro yake akatarisa vaAramu. Ropa
rakabva paronda rake rakaerera rikaenda mukati mengoro, uye manheru
iwayo akabva afa. 36 Zuva parakanga rava kuvira, kwakadaidzirwa
kuhondo yose kuti, “Munhu wose kuguta rake; munhu wose kunyika
yake!”
37 Naizvozvo mambo akafa, akauyiswa kuSamaria, akavigwa ikoko.
38 Vakasuka ngoro padziva reSamaria (panova ndipo paishambira zvifeve),
imbwa dzikananzva ropa rake, sezvakanga zvarehwa neshoko raJehovha.
39 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaAhabhu,
zvichisanganisira zvose zvaakaita, muzinda waakavaka nenyanga dzen-
zou, namaguta aakavaka, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo
dzegore negore dzamadzimambo eIsraeri? 40 Ahabhu akazorora namadz-
ibaba ake. Ipapo Ahazia mwanakomana wake akamutevera paumambo.

### *Jehoshafati Mambo weJudha*

41 Jehoshafati mwanakomana waAsa akava mambo weJudha mugore
rechina raAhabhu, mambo weIsraeri. 42 Jehoshafati akanga ane makore
makumi matatu namashanu okuberekwa paakava mambo, uye akatonga
muJerusarema kwamakore makumi maviri namashanu. Zita ramai vake
raiva Azubha, mwanasikana waShirihi. 43 Pazvinhu zvose akafamba
munzira dzababa vake Asa uye haana kurasika achibva padziri; akaita
zvakanga zvakanaka pamberi paJehovha. Zvisinei, nzvimbo dzakakwirira
hadzina kubviswa, uye vanhu vakaramba vachipa zvibayiro uye vachipisa
zvinonhuhwira ikoko. 44 Jehoshafati akanga ane rugarewo namambo
weIsraeri.
45 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaJehoshafati,
zvinhu zvaakaita nehondo dzaakarwa, hazvina kunyorwa here mubhuku
renhoroondo dzegore negore dzamadzimambo eJudha? 46 Akabvisa pa-
nyika zvifeve zvavarume zvakanga zvasara kunyange mushure menguva
yokutonga kwababa vake Asa. 47 Panguva iyoyo muEdhomu makanga
musina mambo; maitongwa nejinda.

48 Zvino Jehoshafati akavaka chitsama chezvikepe chokutakurisa zvinhu
zvokutengesa kuti zviende kuOfiri kundotora goridhe, asi hazvina kuenda
nokuti zvakaparara paEzioni Gebheri. 49 Panguva iyoyo Ahazia mwanako-
mana waAhabhu akati kuna Jehoshafati, "Regai varanda vangu vaende
navaranda venyu nezvikepe zvenyu." Asi Jehoshafati akaramba.
50 Ipapo Jehoshafati akazorora namadzibaba ake akavigwa pavakavigwa
muguta raDhavhidhi baba vake. Ipapo Jehoramu mwanakomana wake
akamutevera paumambo.

### *Ahazia Mambo weIsraeri*

51 Ahazia mwanakomana waAhabhu akava mambo weIsraeri
muSamaria mugore regumi namanomwe raJehoshafati mambo weJudha,
uye akatonga Israeri kwamakore maviri. 52 Akaita zvakaipa pamberi
paJehovha nokuti akafamba munzira dzababa namai vake nomunzira
dzaJerobhoamu mwanakomana waNebhati, akaita kuti Israeri iite chivi.
53 Akashandira uye akanamata Bhaari, akaita kuti Jehovha, Mwari
weIsraeri atsamwe, sezvakanga zvaitwa nababa vake.

# 2 MADZIMAMBO

*Jehovha anotonga Ahazia*

1 Mushure mokufa kwaAhabhu, vaMoabhu vakamukira Israeri. 2 Zvino
Ahazia akanga awira pasi napawindo rekamuri reimba yake yapa-
musoro kuSamaria akakuvara. Saka akatuma nhume akati kwavari,
“Endai mundobvunza Bhaari-Zebhubhi, mwari weEkironi, kuti aone kana
ndichizopora pakukuvara uku.”
3 Asi mutumwa waJehovha akati kuna Eria muTishibhi, “Kwira
kumusoro undosangana nenhume dzamambo weSamaria uti kwavari,
‘Imhaka yokuti muIsraeri hamuna Mwari here zvamunondobvunza
Bhaari-Zebhubhi, mwari weEkironi?’ 4 Naizvozvo zvanzi naJehovha:
‘Hauchabva pamubhedha pawakarara ipapo. Zvirokwazvo uchafa!’ ”
Naizvozvo Eria akaenda.
5 Nhume dzakati dzadzokera kuna mambo, akavabvunza akati, “Mad-
zokereiko?”
6 Ivo vakamupindura vakati, “Mumwe murume akauya akasangana
nesu. Zvino akati kwatiri, ‘Dzokerai kuna mambo akutumai mundoti
kwaari, “Zvanzi naJehovha: Imhaka yokuti muIsraeri hamuna Mwari here
zvaunotuma nhume kundobvunza Bhaari-Zebhubhi, mwari weEkironi?
Naizvozvo hauchaburuki pamubhedha pawakarara ipapo. Zvirokwazvo
uchafa!” ’ ”
7 Mambo akavabvunza akati, “Ko, murume akauya akasangana nemi
akakutaurirai izvi akanga akadini?”
8 Ivo vakapindura vakati, “Akanga ari murume akapfeka nguo dzine
mvere nebhanhire reganda muchiuno chake.”
Mambo akati, “NdiEria muTishibhi.”
9 Ipapo akatuma mukuru weboka ravarume makumi mashanu navanhu
vake kuna Eria. Mukuru uyu akaenda kuna Eria akanga akagara pamu-
soro pechikomo, ndokuti kwaari, “Munhu waMwari, zvanzi namambo,
‘Burukai!’ ”
10 Eria akamupindura akati, “Kana ndiri munhu waMwari, moto
ngauburuke uchibva kudenga ukuparadze iwe navanhu vako makumi
mashanu!” Ipapo moto wakaburuka uchibva kudenga ukamuparadza iye
navanhu vake.
11 Zvadaro mambo akazotumazve mumwe mukuru weboka ravarume
makumi mashanu navanhu vake makumi mashanu! Mukuru uyu akati
kuna Eria, “Munhu waMwari, zvanzi namambo, ‘Burukai izvozvi!’ ”
12 Eria akati kwaari, “Kana ndiri munhu waMwari, moto ngauburuke
uchibva kudenga ukuparadze iwe navanhu vako vana makumi mashanu.”
Ipapo moto waMwari wakaburuka uchibva kudenga ukamuparadza iye
navanhu vake makumi mashanu.
13 Saka mambo akatumazve mumwe mukuru wechitatu ana varume
makumi mashanu. Uyu mukuru wechitatu akakwira akazviwisira
pasi namabvi ake pamberi paEria. Akamukumbira akati, “Haiwa,
munhu waMwari, ndapota, upenyu hwangu nohwavarume ava makumi
mashanu, isu varanda venyu, ngahuve hunokosha pamberi penyu.
14 Tarirai moto wakabva kudenga ukaparadza vakuru vaviri vokutanga na-
vanhu vavo vose. Asi zvino upenyu hwangu ngahuve chinhu chinokosha
pamberi penyu.”

15 Zvino mutumwa waJehovha akati kuna Eria, “Buruka pamwe chete
naye; usamutya.” Naizvozvo Eria akasimuka akaenda naye kuna mambo.
16 Akaudza mambo kuti, “Zvanzi naJehovha: Imhaka yokuti muIsraeri
hamuna Mwari here zvawatuma nhume kundobvunza Bhaari-Zebhubhi,
mwari weEkironi? Nokuti waita izvi, hauchambobva pamubhedha
pawakarara. Zvirokwazvo uchafa!” 17 Naizvozvo akafa, sezvakanga
zvarehwa neshoko raJehovha rakataurwa naEria.
Nokuti Ahazia akanga asina mwanakomana, Joramu akazomutevera
paushe pagore rechipiri raJehoramu, mwanakomana waJehoshafati,
mambo weJudha. 18 Zvino, mabasa akaitwa pamazuva okutonga kwaA-
hazia, nezvaakaita iye hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo
dzamadzimambo eIsraeri?

# 2

*Eria anoenda kuDenga*

1 Jehovha paakanga ava kuda kutora Eria nechinyamupupuri kuti
amuendese kudenga, Eria naErisha vakanga vari munzira vachibva
kuGirigari. 2 Eria akati kuna Erisha, “Gara pano, nokuti Jehovha andituma
kuBheteri.”
Asi Erisha akati, “Zvirokwazvo naJehovha mupenyu uye noupenyu
hwenyu, handingakusiyei.” Naizvozvo vakadzika kuBheteri.
3 Boka ravaprofita vapaBheteri rakauya kuna Erisha vakamubvunza
vakati, “Unoziva here kuti Jehovha ari kuzokutorera tenzi wako nhasi?”
Erisha akavapindura akati, “Hongu, ndinozviziva, regai henyu kuzvi-
taura.”
4 Ipapo Eria akatizve kwaari, “Gara pano, Erisha; nokuti Jehovha
anditums kuJeriko.”
Iye akapindura akati, “Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, uye noupenyu
hwenyu, handingakusiyei.” Naizvozvo vakaenda kuJeriko.
5 Boka ravaprofita vapaJeriko rakakwira kuna Erisha vakamubvunza
vakati, “Unoziva here kuti Jehovha ari kuzokutorera tenzi wako nhasi?”
Akavapindura akati, “Hongu, ndinozviziva, regai henyu kuzvitaura.”
6 Ipapo Eria akatizve kwaari, “Gara pano; nokuti Jehovha andituma
kuJorodhani.”
Iye akapindura akati, “Zvirokwazvo naJehovha mupenyu uye noupenyu
hwenyu, handikusiyei.” Saka vakafamba vose vari vaviri.
7 Boka ravaprofita, ravarume makumi mashanu, rakaenda rikandomira
nechokure, vakatarisana napanzvimbo pakanga pamire Eria naErisha
paJorodhani. 8 Eria akatora jasi rake akaripeta akarova mvura naro,
mvura ikaparadzana, imwe kurudyi, imwe kuruboshwe, ivo vaviri
vakayambuka napakaoma.
9 Vakati vayambuka, Eria akati kuna Erisha, “Nditaurire, unoda kuti
ndikuitirei ndisati ndatorwa kubva kwauri?”
Erisha akapindura akati “Ndipei migove miviri yomweya wenyu.”
10 Eria akati, “Wakumbira chinhu chakaoma, asi kana ukandiona ndichi-
torwa kubva kwauri, uchaupiwa, asi kana zvisina kudaro, haungaupiwi.”
11 Zvino pavakanga vachifamba, vachitaurirana, pakarepo ngoro
yomoto namabhiza omoto zvakaonekwa zvikaparadzanisa vaviri ava,
Eria akaenda kudenga muchinyamupupuri. 12 Uye Erisha akazviona
akadanidzira nenzwi guru akati, “Baba vangu! Baba vangu! Ngoro
navarume vamabhiza veIsraeri!” Zvino Erisha haana kuzomuonazve.
Ipapo akabata nguo dzake akadzibvarura napakati.

13 Akanonga jasi rakanga rawira pasi, richibva kuna Eria akadzokera
kundomira pamahombekombe eJorodhani. 14 Ipapo akatora jasi raEria
rakanga rawa kubva paari akarova mvura naro akati, "Zvino Jehovha
Mwari waEria aripiko?" Paakarova mvura, yakaparadzana, imwe
kurudyi, imwe kuruboshwe, iye ndokubva ayambuka achienda mhiri.

15 Boka ravaprofita vapaJeriko, avo vakanga vakatarisa, vakati, "Mweya
waEria wagara pamusoro paErisha." Uye vakaenda kundosangana naye
vakakotamira pasi pamberi pake. 16 Vakati, "Tarirai, isu varanda venyu
tine varume makumi mashanu vakasimba. Ngavaende vandotsvaka
tenzi wenyu. Zvimwe Mweya waJehovha wamusimudza ukandomugarisa
pamusoro perimwe gomo kana mune mumwe mupata."

Erisha akavapindura akati, "Kwete, musavatuma."

17 Asi vakaramba vachimugombedzera kusvikira anyara kwazvo kuti
avarambidze. Saka akati, "Vatumei henyu." Saka vakatuma varume
makumi mashanu vakandomutsvaka kwamazuva matatu asi havana
kumuwana. 18 Pavakadzokera kuna Erisha, kwaaigara muJeriko, akati
kwavari, "Handina kukuudzai here kuti musaenda?"

### *Mvura inonatswa*

19 Varume vomuguta vakati kuna Erisha, "Tarirai, tenzi wedu, guta iri
riri pakanaka, asi sezvamunoona henyu, mvura yacho yakaipa uye nyika
yacho haina zvibereko."

20 Iye akati, "Ndivigirei ndiro itsva uye muise munyu mairi." Naizvozvo
vakamuvigira ndiro yacho.

21 Ipapo akaenda kuchitubu akakanda munyu imomo achiti, "Zvanzi na-
Jehovha: 'Ndanatsa mvura iyi. Haichazokonzeri rufuzve kana kushayisa
nyika zvibereko.' " 22 Saka mvura yakaramba yakanaka kusvikira nhasi
sezvakanga zvarehwa neshoko rakataurwa naErisha.

23 Achibva ipapo, Erisha akaenda kuBheteri. Paakanga achifamba
mumugwagwa, vamwe vechidiki vakabuda muguta vakamusveeredza,
vakati kwaari, "Kwira kumusoro, iwe nyamhanza! Kwira kumusoro, iwe
nyamhanza!" 24 Akacheuka, akavatarisa, akadana chituko pamusoro pavo
muzita raJehovha. Ipapo maperekadzi akabuda musango akaparadza
vechidiki makumi mana navaviri. 25 Uye akaenda muGomo reKarimeri,
uye achibva ikoko akadzokera kuSamaria.

## 3

### *VaMoabhu vanomukira Joramu*

1 Joramu, mwanakomana waAhabhu akava mambo weIsraeri
muSamaria mugore regumi namasere raJehoshafati mambo weJudha,
uye akatonga kwamakore gumi namaviri. 2 Akaita zvakaipa pamberi
paJehovha, asi haana kuita sezvakaita baba vake namai vake. Akabvisa
dombo rinoera raBhaari rakanga raitwa nababa vake. 3 Kunyange
zvakadaro, akanamatira kuzvivi zvaJerobhoamu mwanakomana
waNebhati, zvaakaita kuti Israeri iite, iye haana kubva kwazviri.

4 Zvino Mesha mambo weMoabhu aipfuwa makwai, uye aifanira
kupa mambo weIsraeri makwayana anokwana zviuru zana namakushe
amakondobwe anokwana zviuru zana. 5 Asi mushure mokufa kwaA-
habhu, mambo weMoabhu akamukira mambo weIsraeri. 6 Saka panguva
iyoyo, Mambo Jehoramu akabva kuSamaria akaunganidza vaIsraeri vose.
7 Akatumirawo shoko kuna Jehoshafati mambo weJudha achiti, "Mambo

weMoabhu andimukira. Ungada kuenda neni kundorwa neMoabhu
here?”
Iye akapindura akati, “Ndichaenda newe. Ini ndakangoita sewe,
navanhu vangu sevakowo, mabhiza angu samabhiza ako.”
8 Akamubvunza akati, “Tichandovavamba nenzira ipi?”
Iye akapindura akati, “NomuRenje reEdhomu.”
9 Saka mambo weIsraeri akaenda namambo weJudha pamwe chete
namambo weEdhomu. Mushure mokufamba vachipoterera kwamazuva
manomwe, varwi vakapererwa nemvura yavo, neyezvipfuwo zvavaiva
nazvo.
10 Mambo weIsraeri akati, “Haiwa! Heya Jehovha atidaidza isu
madzimambo matatu pamwe chete kungozotipa hake kuvaMoabhu?”
11 Asi Jehoshafati akamubvunza akati, “Hapana muprofita waJehovha
here pano, kuti tibvunze Jehovha nokwaari?”
Muranda wamambo weIsraeri akati, “Pana Erisha mwanakomana
waShafati. Aisimbosuridzira mvura pamaoko aEria.”
12 Jehoshafati akati, “Shoko raJehovha riri paari.” Saka mambo weIs-
raeri naJehoshafati namambo weEdhomu vakaburuka vakaenda kwaari.
13 Erisha akati kuna mambo weIsraeri, “Chiiko chandingaita nemi?
Endai kuvaprofita vababa venyu navaprofita vamai venyu.”
Mambo weIsraeri akapindura akati, “Kwete, nokuti ndiJehovha
akatidaidza isu madzimambo matatu tose kuti azotipa kuvaMoabhu.”
14 Erisha akati, “Zvirokwazvo naJehovha Wamasimba Ose mupenyu,
wandinoshumira, dai ndanga ndisingaremekedzi Jehoshafati mambo
weJudha vari pano, handaimbokutarisai kana kukuonai. 15 Asi zvino uyai
nomuridzi worudimbwa kwandiri.”
Muridzi worudimbwa paakanga achiridza, ruoko rwaJehovha rwakauya
pamusoro paErisha, 16 akati, “Zvanzi naJehovha: Itai kuti mupata uyu
uzare namakoronga. 17 Nokuti zvanzi naJehovha: Hamusi kuzoona mhepo
kana mvura, kunyange zvakadaro, mupata uyu uchazadzwa nemvura,
uye imi, nemombe dzenyu nedzimwe mhuka dzenyu muchanwamo.
18 Chinhu ichi chakareruka pamberi paJehovha; achaisawo Moabhu
kwamuri. 19 Muchaparadza guta rimwe nerimwe rakakomberedzwa
norusvingo uye namaguta ose makuru. Muchatemera pasi muti mumwe
nomumwe wakanaka, mugotsindira matsime ose, uye muchakanganisa
namabwe munda mumwe nomumwe wakanaka.”
20 Chifumi chamangwana, nenguva dzinenge dzokupa chibayiro, tarirai,
mvura yakayerera ichibva kwakadziva kuEdhomu! Uye nyika yakazara
nemvura.
21 Zvino vaMoabhu vose vakanga vanzwa kuti madzimambo akanga
auya kuzorwa navo; saka murume mumwe nomumwe, mudiki nomukuru,
aigona kutakura zvombo akadaidzwa uye vakandogariswa kumuganhu.
22 Vakati vachimuka mangwanani vakaona zuva richipenya pamusoro
pemvura. KuvaMoabhu vaiva kuno rumwe rutivi, mvura yakanga
yakatsvuka seropa. 23 Vakati, “Iropa iro! Madzimambo ayo anenge arwa
akaurayana. Zvino imi vaMoabhu endai munopamba!”
24 Asi vaMoabhu vakati vasvika kumusasa weIsraeri, vaIsraeri vakavar-
wisa kusvikira vatiza. Ipapo vaIsraeri vakapinda munyika vakauraya
vaMoabhu. 25 Vakaparadza maguta, uye murume mumwe nomumwe
akapotsera mabwe pamunda woga woga wakanaka kusvikira wafukidzwa
namabwe. Vakatsindira matsime ose uye vakatema muti wose wakanga

wakanaka. Kirihareseti chete ndiro rakasiyiwa riine mabwe aro, asi
varume vaiva nezvimviriri vakarikomba vakarirwisawo.
26 Mambo weMoabhu akati aona kuti akundwa, akatora varume
mazana manomwe vaiva neminondo kuti varwise vaende kuna Mambo
weEdhomu, asi vakakundikana. 27 Ipapo akatora dangwe rake, aifanira
kumutevera paushe, akamupa sechibayiro parusvingo rweguta. Vakat-
samwira vaIsraeri zvikuru; uye ivo vakabva kwaari vakadzokera kunyika
yavo.

# 4

*Mafuta eChirikadzi*

1 Zvino mukadzi womumwe murume weboka ravaprofita akadanidzira
kuna Erisha akati, "Muranda wenyu, murume wangu afa, uye munoziva
kuti aitya Jehovha. Asi zvino uyo waakanga atorera chikwereti ari kuuya
kuzotora vanakomana vangu vaviri kuti vave nhapwa dzake."

2 Erisha akamupindura akati, "Ndingakubatsira seiko? Nditaurire, chii
chaunacho mumba mako?"

Iye akati, "Murandakadzi wenyu haana kana chinhu kunze kwamafuta
mashoma shoma."

3 Erisha akati kwaari, "Enda unokumbira vavakidzani vako vose vakupe
midziyo isina chinhu. Usakumbira mishoma. 4 Ipapo ugopinda mumba
uzvipfigire mukova iwe navana vako. Udire mafuta mumidziyo yose,
ugoisa parutivi mudziyo unenge wazara."

5 Naizvozvo akabva kwaari, akapfiga mukova iye navana vake vari
mukati. Vakauya nemidziyo kwaari, iye akaramba achingodira. 6 Midziyo
yose yakati yazara, akati kumwanakomana wake, "Ndivigire mumwe
mudziyo."

Asi iye akapindura akati, "Hapachina mumwe mudziyo wasara." Ipapo
mafuta akabva aguma.

7 Akaenda kundoudza munhu waMwari uye iye akati, "Chienda un-
otengesa mafuta ugoripa zvikwereti zvako, iwe navanakomana vako
mugorarama neanenge asara."

*Mwanakomana woMukadzi muShunemi anoraramiswa*

8 Rimwe zuva Erisha akaenda kuShunemi. Ikoko kwaiva nomukadzi
akanga ari mupfumi, uye akamugombedzera kuti agare ambodya. Saka
nguva dzose paaipfuura nepo, aimirapo odya. 9 Mukadzi akati kumu-
rume wake, "Ndinoziva kuti murume uyu anopfuura napano, mutsvene
waMwari. 10 Ngativakei kamuri padenga tigomuisira mubhedha netafura,
nechigaro uye nerambi imomo. Ipapo achakwanisa kugaramo paanenge
angotishanyira."

11 Rimwe zuva Erisha akati asvika, akakwira kukamuri rake ndokurara
imomo. 12 Akati kumuranda wake Gehazi, "Dana mukadzi muShunami."
Naizvozvo akamudana, uye akamira pamberi pake. 13 Erisha akati
kwaari, "Muudze kuti, 'Makatitamburira imi pane zvose izvi, zvino
mungaitirwewo chii? Tingakumiririrai kuna mambo here kana kumukuru
wehondo?' "

Iye akapindura akati, "Ndine musha pakati pavanhu vokwangu."

14 Erisha akabvunza akati, "Angaitirwe chiiko?"

Gehazi akati, "Zvirokwazvo, haana mwanakomana uye murume wake
akwegura."

15 Ipapo Erisha akati, "Mudane." Naizvozvo akamudana, mukadzi
akamira pamukova. 16 Erisha akati, "Nenguva inenge ino gore rinouya,
uchafungatira mwanakomana mumaoko ako."
Iye akati, "Kwete, ishe wangu. Haiwa munhu waMwari, musarevera
nhema murandakadzi wenyu!"

17 Asi mukadzi akava nemimba, uye gore raitevera nenguva yakare
iyoyo akapona mwanakomana, sezvaakanga audzwa naErisha.

18 Mwana akati akura, nerimwe zuva akaenda kuna baba vake,
kwavaiva navakohwi. 19 Akati kuna baba vake, "Musoro wangu! Musoro
wangu!"
Baba vake vakataurira muranda vakati, "Mutakurei muende naye kuna
mai vake." 20 Mushure mokunge muranda amusimudza, akaenda naye
kuna mai vake, mukomana akagara pamakumbo amai vake kusvikira
masikati, ndokubva afa. 21 Vakakwira pamusoro naye vakandomuradzika
pamubhedha womunhu waMwari, ndokupfiga mukova ndokubuda.

22 Mukadzi akadana murume wake akati, "Ndapota, ndidanire mumwe
wavaranda nembongoro kuti ndiende kumunhu waMwari nokukuru-
midza ndigodzoka."

23 Iye akamubvunza akati, "Uri kuendereiko kwaari nhasi? Hakusi
Kugara kwoMwedzi kana Sabata."
Akapindura akati, "Hazvina mhosva."

24 Akaisa chigaro pamusoro pembongoro akati kumuranda wake,
"Tungamira; usafamba zvishoma uchiitira ini kunze kwokunge ndaku-
udza." 25 Naizvozvo akaenda akasvika kumunhu waMwari paGomo
reKarimeri.
Akati achimuona achiri kure, munhu waMwari akati kumuranda wake
Gehazi, "Tarisa! Hoyo mukadzi muShunami! 26 Mhanya undosangana
naye ugomubvunza kuti, 'Munofara mose here? Ko, murume wako
anofara here? Ko, mwana wako anofara here?' "
Mukadzi akati, "Zvose zvakanaka."

27 Paakasvika kumunhu waMwari paGomo, akabata makumbo ake.
Gehazi akauya achiti amusundire kure, asi munhu waMwari akati,
"Murege akadaro! Nokuti ane shungu dzinomutambudza, asi Jehovha
akandivanzira chinhu ichi uye haana kundiudza kuti imhaka yei."

28 Mukadzi akati, "Ndakakukumbirai mwanakomana here, tenzi wangu?
Ko, handina kukutaurirai kuti musandinyengedzera here?"

29 Erisha akati kuna Gehazi, "Zvisunge chiuno ubate tsvimbo yangu
muruoko rwako umhanye. Kana ukasangana naani zvake, usamukwazisa,
uye ani naani anokukwazisa, iwe usapindura. Uradzike tsvimbo yangu
pauso hwomukomana."

30 Asi mai vomwana vakati, "Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, uye
noupenyu hwenyu, handisi kuzokusiyai." Naizvozvo akasimuka aka-
mutevera.

31 Gehazi akatungamira mberi akandoisa tsvimbo pachiso chomwana,
asi hapana chakanzwika kana chakapfakanyika. Naizvozvo Gehazi
akadzokera kuti andosangana naErisha akamuudza kuti, "Mukomana
haana kumuka."

32 Erisha paakasvika pamba, akawana mukomana ari pamubhedha
akafa. 33 Akapinda mukati, akapfiga mukova iye nomwana vari vaviri,
akanyengetera kuna Jehovha. 34 Ipapo akakwira pamubhedha akatsivama
pamusoro pomwana, akaisa muromo wake pamuromo womwana, nameso
ake pameso omwana, uye maoko pamaoko ake. Paakatsivamira pamusoro

pake, muviri womukomana wakatanga kudziya. 35 Erisha akafuratira,
achifamba-famba mukati mekamuri akadzokerazve pamubhedha akatsi-
vamazve pamusoro pake. Mukomana akahotsira kanomwe kose ndokusv-
inura meso ake.
36 Erisha akadana Gehazi akati kwaari, "Dana mukadzi muShunami."
Iye akaita saizvozvo. Akati apinda, Erisha akati kwaari, "Tora mwanako-
mana wako." 37 Ipapo akapinda, akazviwisira patsoka dzake akakotamira
pasi, akasimuka akatora mwanakomana wake akabuda.

### *Rufu muhari*

38 Erisha akadzokera kuGirigari uye maiva nenzara mudunhu imomo.
Boka ravanakomana vavaprofita parakanga rigere pamberi pake, akati
kumuranda wake, "Gadzai hari huru mubikire boka ravaprofita ava
zvokudya."
39 Mumwe wavo akaenda kuminda kundotanha muriwo akawana
magaka omusango. Akaunganidza mamwe acho akaazadza mujasi rake.
Paakadzokera, akaatema-tema ndokuaisa muhari yomuriwo, kunyange
zvazvo pakanga pasina aiziva kuti zvaiva zvii. 40 Zvokudya zvaka-
pakurirwa vanhu, asi pavakatanga kudya vakadanidzira vakati, "Nhai
munhu waMwari, mune rufu muhari!" Uye vakatadza kuzvidya.
41 Erisha akati, "Uyai noupfu." Akahuisa muhari akati, "Ipai vanhu
vadye." Ipapo hapana kuzova nechinokuvadza muhari.

### *Vanhu zana vanopiwa zvokudya*

42 Mumwe murume akauya achibva kuBhaari Sharisha achivigira
munhu waMwari marofu makumi maviri echingwa chebhari chakanga
chabikwa nezviyo zvakatanga kuibva, pamwe chete nehura dzezviyo
zvitsva. Erisha akati, "Ipai vanhu vadye."
43 Muranda wake akati, "Ndingagovera izvi kuvanhu zana sei?"
Asi Erisha akapindura akati, "Ipai vanhu vadye. Nokuti zvanzi naJe-
hovha, 'Vachadya vakasiya zvimwe.' " 44 Ipapo akavaisira pamberi pavo
zvokudya, vakadya vakasiya zvimwe, sezvakanga zvataurwa neshoko
raJehovha.

## 5

### *Naamani Anoporeswa Maperembudzi*

1 Zvino Naamani, mukuru wehondo yamambo weAramu, aiva munhu
mukuru kwazvo pamberi patenzi wake uye aikudzwa zvikuru, nokuti
kubudikidza naye, Jehovha akapa mambo weAramu kukunda. Aiva
murwi ane simba noumhare, asi aiva namaperembudzi.
2 Zvino mauto eAramu akabuda kundorwa akadzoka ava nomusikana
weIsraeri wavakanga vatapa, uye akashandira mukadzi waNaamani.
3 Akati kuna tenzikadzi wake, "Dai tenzi wangu aiona muprofita ari
muSamaria! Aizomuporesa pamaperembudzi ake."
4 Naamani akaenda kuna tenzi wake akamutaurira zvaakanga au-
dzwa nomusikana akanga abva kuIsraeri. 5 Mambo weAramu akati,
"Zvakanaka, enda hako. Ini ndichatumirawo tsamba kuna mambo
weIsraeri." Naizvozvo Naamani akaenda, akatora matarenda gumi*
esirivha nezviuru zvitanhatu zvamashekeri† egoridhe uye nemhando
gumi dzenguo. 6 Tsamba yaakaenda nayo kuna mambo weIsraeri

* **5:5** 5:5 makirogiramu angaita 340 † **5:5** 5:5 makirogiramu angaita 70

yaiti: “Ndatuma muranda wangu Naamani netsamba iyi kuti umurape
maperembudzi ake.”

7 Mambo weIsraeri akati achangopedza kuverenga tsamba iyi, ak-
abvarura nguo dzake akati, “Ndini Mwari here? Ndinogona kuuraya
nokuraramisa here? Sei murume uyu atuma munhu kwandiri kuti
azorapwa maperembudzi ake. Onai kuti anoedza sei kutsvaka bopoto
neni!”

8 Erisha munhu waMwari, akati anzwa kuti mambo weIsraeri abvarura
nguo dzake, akamutumira shoko akati, “Mabvarurireiko nguo dzenyu?
Regai murume uyo auye kwandiri, uye achaziva kuti muIsraeri mune
muprofita.” 9 Naizvozvo Naamani akaenda namabhiza ake nengoro
akandomira pamukova weimba yaErisha. 10 Erisha akatuma nhume yake
kwaari achiti, “Enda unoshamba kanomwe muJorodhani, ipapo nyama
yako ichadzoredzerwa pakare uye uchava wakanatswa.”

11 Asi Naamani akabvapo atsamwa akati, “Ndanga ndichifunga kuti
zvirokwazvo achauya kwandiri agomira achidana kuzita raJehovha Mwari
wake, agoninira ruoko rwake panzvimbo yacho agondiporesa maperem-
budzi. 12 Ko, Abhana neFaripari, idzo nzizi dzeDhamasiko, hadzisi nani
kupinda mvura yose yeIsraeri here? Handaigona kushamba madziri
ndikanatswa here?” Naizvozvo akabvapo akaenda akatsamwa kwazvo.

13 Varanda vaNaamani vakaenda kwaari vakati, “Nhai baba, dai
muprofita anga akuudzai kuti muite chinhu chikuru, hamaizochiita
here? Zvino zvaati kwamuri, ‘Shambai mugonatswa!’ ” 14 Saka akaburuka
akandozvinyudza muna Jorodhani kanomwe, sezvaakanga audzwa no-
munhu waMwari, nyama yake ikadzoredzerwa pakare ikava yakachena,
seyomwana mucheche.

15 Ipapo Naamani akadzokera neboka rake rose kumunhu waMwari.
Akamira pamberi pake akati, “Zvino ndava kuziva kuti hakuna Mwari
panyika yose kunze kwomunyika yeIsraeri. Ndapota, gamuchirai chipo
chabva kumuranda wenyu.”

16 Asi muprofita akati, “Zvirokwazvo, naJehovha mupenyu, iye wandi-
noshumira, handisi kuzogamuchira chinhu.” Kunyange zvazvo Naamani
akamugombedzera, iye akaramba.

17 Naamani akati, “Ndapota, kana musingadi, muranda wenyu ngaapiwe
hake ivhu ringatakurwa namanyurusi maviri, nokuti muranda wenyu
haachambofazve akaita chipiriso chinopiswa nechibayiro kuna vamwe
vamwari vapi zvavo asi kuna Jehovha. 18 Asi Jehovha ngaakanganwire
muranda wenyu pachinhu chimwe chete ichi: Vatenzi vangu pavanopinda
mutemberi yaRimoni kundonamatamo pasi, uye vakasendamira paruoko
rwangu, neni ndikakotama ndirimowo, pandinokotama mutemberi yaRi-
moni, Jehovha ngaakanganwire muranda wenyu pachinhu ichi.”

19 Erisha akati, “Enda hako norugare.”

Mushure mokunge Naamani afamba kwechinhambo, 20 Gehazi mu-
randa waErisha munhu waMwari, akati mumwoyo make, “Tenzi wangu
arerutsira zvakanyanya Naamani, muAramu uyu, pakusagamuchira
kubva kwaari zvaanga auya nazvo. Zvirokwazvo naJehovha mupenyu,
ndichamhanya ndimutevere ndigotora chimwe chinhu kwaari.”

21 Naizvozvo Gehazi akatevera Naamani. Zvino Naamani akati amuona
achimumhanyira, akaburuka mungoro kuti andosangana naye. Akati
kwaari, “Kwakanaka here?”

22 Gehazi akapindura akati, “Kwakanaka. Tenzi wangu anditUma achiti,
‘Pane majaya maviri abva kuboka ravaprofita achangosvika kwandiri

achibva kunyika yamakomo yaEfuremu. Ndapota, muvape henyu tarenda resirivha‡ nemhando mbiri dzenguo.' "

23 Naamani akati, "Torai henyu matarenda maviri." Akagombedzera Gehazi kuti azvigamuchire, ndokubva asungira matarenda maviri esirivha mumasaga maviri, nemhando mbiri dzenguo. Akazvipa kuvaranda vake vaviri, vakazvitakura vari mberi kwaGehazi.
24 Gehazi akati asvika pachikomo, akatora zvinhu kubva kuvaranda akazviisa mumba make. Akadzosa varume vaya ivo ndokuenda havo.
25 Ipapo akapinda akandomira pamberi paErisha tenzi wake.

Erisha akamubvunza akati, "Wanga uripiko Gehazi?"

Gehazi akapindura akati, "Muranda wenyu haana kwaamboenda."

26 Asi Erisha akati kwaari, "Mweya wangu wanga usinewe here paburuka murume mungoro yake kuti azosangana newe? Ko, ino inguva yokutora mari kana kugamuchira nguo, neminda yemiorivhi, neyemizambiringa, namakwai, nemombe, kana varandarume navarandakadzi here?
27 Naizvozvo maperembudzi aNaamani achanamatira pauri iwe nezvizvarwa zvako nokusingaperi." Ipapo Gehazi akabva pamberi paErisha ava namaperembudzi, achena sechando.

# 6

*Demo rinopapamadzwa pamusoro pemvura*

1 Zvino boka ravaprofita rakati kuna Erisha, "Tarisai, nzvimbo yatinosangana nemi yatiitira diki kwazvo.
2 Ngatiendei kuJorodhani, mumwe nomumwe wedu andotora danda ikoko; tigozvivakira ikoko nzvimbo yokugara."

Iye akati, "Endai."

3 Ipapo mumwe wavo akati, "Ndapota, ko, imi hamungaendiwo navaranda venyu here?"

Erisha akati, "Ndinoenda."
4 Naizvozvo akaenda navo. Vakaenda kuJorodhani vakatanga kutema miti.
5 Asi mumwe akati achiri kutema muti, musoro wedemo wakasvotoka ukawira mumvura. Akadanidzira akati, "Haiwa, ishe wangu, rakanga rakweretwa!"

6 Munhu waMwari akati, "Rawira napapi?" Akati amuratidza nzvimbo yacho, Erisha akatema rutanda akarukandirapo, uye akapapamadza musoro wedemo.
7 Akati, "Ribudise." Ipapo murume akatambanudza ruoko rwake akaritora.

*Erisha anobata vaAramu vapofumadzwa*

8 Zvino mambo weAramu akanga achirwa neIsraeri. Mushure mokutaurirana navaranda vake, akati, "Ndichadzika musasa wangu panzvimbo yokuti neyokuti."

9 Munhu waMwari akatumira shoko kuna mambo weIsraeri achiti, "Chenjerai kuti muregе kupfuura napanzvimbo iyo nokuti vaAramu vari kuburukirako."
10 Naizvozvo mambo weIsraeri akatumira vanhu kunzvimbo iyoyo yaakanga aratidzwa nomunhu waMwari, kuti vandoiongorora. Nguva nenguva Erisha aiyambira mambo, kuti achenjerere nzvimbo dzakadaro.

11 Izvi zvakatsamwisa mambo weAramu. Akadana vabati vake akati kwavari, "Hamungandiudzewo here kuti pakati pedu ari kurutivi rwamambo weIsraeri ndiani?"

‡ **5:22** 5:22 makirogiramu angaita 34

12 Mumwe wavabati vake akati, "Pakati pedu hapana, ishe wangu
mambo, asi Erisha, muprofita ari muIsraeri ndiye anoudza mambo
weIsraeri mashoko chaiwoiwo amunotaura muimba yenyu yokurara."

13 Mambo akati, "Endai munotsvaka kuti ari kupi, kuitira kuti ndigotuma
varume vanomubata." Akaziviswa kuti, "Ari muDhotani." 14 Ipapo
akatumira ikoko mabhiza nengoro namauto akasimba. Vakaenda usiku
vakakomba guta.

15 Muranda womunhu waMwari akati amuka mangwanani aitevera, ak-
abuda panze akaona hondo namabhiza nengoro zvakomba guta. Muranda
wake akati, "Haiwa, ishe wangu, tichaita seiko?"

16 Muprofita akapindura akati, "Usatya. Vari kwatiri vazhinji kupfuura
vari kwavari."

17 Ipapo Erisha akanyengetera akati, "Haiwa Jehovha, svinudzai meso
ake kuti aone." Ipapo Jehovha akasvinudza meso omuranda, iye
ndokutarisa akaona zvikomo zvakazara namabhiza nengoro dzomoto
zvakakomba Erisha.

18 Vavengi pavakaburuka kwaari, Erisha akanyengetera kuna Jehovha
akati, "Pofumadzai vanhu ava." Naizvozvo akavapofumadza sezvakanga
zvakumbirwa naErisha.

19 Erisha akati kwavari, "Iyi handiyo nzira uye iri harizi iro guta
racho. Nditeverei, ndichakutungamirirai kumunhu wamuri kutsvaka."
Uye akavatungamirira kuSamaria.

20 Mushure mokupinda kwavo muguta, Erisha akati, "Jehovha, svinudzai
meso avarume ava kuti vaone." Ipapo Jehovha akasvinudza meso avo
vakatarira, onei, vava muSamaria.

21 Mambo weIsraeri akati achivaona, akabvunza Erisha akati, "Ndivau-
raye here, baba vangu? Ndovauraya here?"

22 Akamupindura akati, "Musavauraya. Hamungazouraya vanhu va-
munenge makatapa nomunondo wenyu kana uta hwenyu here? Vaisirei
zvokudya nemvura pamberi pavo kuti vadye uye vanwe vagodzokera
kuna tenzi wavo." 23 Naizvozvo akavagadzirira mabiko makuru, uye
vakati vapedza kudya nokunwa akavaendesa, ivo vakadzokera kuna tenzi
wavo. Naizvozvo mapoka avapambi vokuAramu akarega zvokupamba
nyika yeIsraeri.

### *Nzara muSamaria*

24 Shure kwenguva, Bheni-Hadhadhi mambo weAramu, akaunganidza
hondo yake yose akaenda kundokomba Samaria. 25 Kwakava nenzara
huru muguta zvokuti musoro wembongoro waitengeswa mashekeri
makumi masere* esirivha, uye chitswanda† chamatoto enjiva chait-
engeswa namashekeri mashanu‡; nokuti nguva yokukombwa yakanga
yarebesa.

26 Mambo weIsraeri akati achipfuura naparusvingo, mumwe mukadzi
akadanidzira kwaari akati, "Ndibatsireiwo, ishe wangu mambo!"

27 Mambo akamupindura akati, "Kana Jehovha asingakubatsiri ini ndin-
gakuwanira rubatsiro kupi? Kubva paburiro here? Kubva pachisviniro
chewaini here?" 28 Ipapo akamubvunza akati, "Zvaita sei?"

Iye akamupindura akati, "Mukadzi uyu akati kwandiri, 'Tipe
mwanakomana wako kuti timudye nhasi, mangwana tigozodya wangu.'
29 Naizvozvo takabika mwana wangu tikamudya. Fume mangwana, ini

* **6:25** 6:25 kirogiramu † **6:25** 6:25 0.3 yerita ‡ **6:25** 6:25 magiramu angaita 55

ndokuti kwaari, 'Tipe mwanakomana wako kuti timudye,' asi iye akanga andomuviga."

30 Zvino mambo akanzwa mashoko omukadzi uyu, akabvarura nguo
dzake. Akati achifamba naparusvingo, vanhu vakamutarisa, vakaona
kuti akanga akapfeka masaga mukati menguo, pamuviri wake. 31 Akati,
"Mwari ngaandirove zvakanyanya kwazvo, kana musoro waErisha
mwanakomana waShafati ukaramba uri pamapfudzi ake nhasi!"

32 Zvino Erisha akanga akagara mumba make, uye vakuru vakanga vagere naye. Mambo akatuma nhume mberi, asi asati asvika, Erisha akati kuvakuru, "Hamuoni here iyi mhondi iri kutumira munhu kuzodimura musoro wangu? Tarirai, kana nhume yasvika, mupfige mukova muutsigire kuti asapinda. Ko, hausi mutsindo wetsoka dzatenzi wake mushure make here?"

33 Akati achiri kutaurirana navo, nhumwa yakasvika kwaari. Mambo akati, "Dambudziko iri rinobva kuna Jehovha. Ndichagoramba ndakamirira Jehovha nemhaka yeiko?"

# 7

1 Asi Erisha akati, "Inzwai shoko raJehovha. Zvanzi naJehovha: Nenguva yakaita seino mangwana, seya* roupfu hwakatsetseka richatengeswa neshekeri rimwe† uye maseya maviri‡ ebhari neshekeri pasuo reSamaria."

2 Ipapo mukuru anova aiva ndiye ane ruoko rwakanga rwakasendamirwa namambo, akati kumunhu waMwari, "Tarira, kunyange dai Jehovha akazarura mawindo amatenga, kuti zvakadai zvingaitika?"

Erisha akapindura akati, "Uchazviona iwe nameso ako asi hauna chimwe chazvo chauchadya!"

*VaAramu vanotiza*

3 Zvino kwakanga kuna varume vana vaiva namaperembudzi pamukova
wesuo reguta. Vakawirirana vakati, 4 "Tichagarireiko pano kusvikira
tafa? Kana tikati, 'Tichaenda muguta,' nzara irimo uye tichafa. Uye kana tikagara pano, tichafa. Naizvozvo ngatiendei kumusasa wavaAramu tinozvipira hedu. Kana vakatirega tiri vapenyu, tararama, kana vakatiuraya, tafa hedu."

5 Naizvozvo vakasimuka mambakwedza vakaenda kumusasa
wavaAramu. Vakati vasvika pamucheto womusasa, wanei hakuna kana
munhu, 6 nokuti Jehovha akanga aita kuti vaAramu vanzwe kutinhira
kwengoro namabhiza uye nokwehondo huru, naizvozvo, vakataurirana
vachiti, "Tarirai mambo weIsraeri akakoka vaHiti namadzimambo
avaIjipita kuti vazotirwisa!" 7 Naizvozvo vakasimuka mambakwedza
vakatiza, vakasiya matende avo namabhiza avo nembongoro. Vakasiya musasa wakangodaro vakatiza kuti vaponese upenyu hwavo.

8 Varume vaiva namaperembudzi vakapinda kumucheto kwomusasa ndokupinda mune rimwe tende. Vakadya uye vakanwa, uye vakatakura sirivha, negoridhe nenguo vakabvapo vakandozviviga. Vakadzokazve vakapinda mune rimwe tende vakatora zvimwe zvinhu mariri vakandozvivigazve.

9 Ipapo vakataurirana vakati, "Hatisi kuita chinhu chakanaka. Rino izuva ramashoko akanaka asi isu takangonyarara hedu. Kana tikamira

---

* 7:1 7:1 marita angaita 7.3, uyewo nomundima 16 ne 18 † 7:1 7:1 magiramu angaita 11
‡ 7:1 7:1 marita angaita 15, uyewo nomundima 16 ne 18

kusvika kwaedza, ticharangwa. Handei izvozvi tinozivisa zvinhu izvi
kumuzinda wamambo."
10 Saka vakaenda vakadanidzira kuvarindi vesuo reguta vakati kwavari,
"Takaenda kumusasa wavaAramu tikasawana kana munhumo, kunyange
inzwi romunhu, asi mabhiza nembongoro zvakasungirirwa uye matende
akangosiyiwa akadaro." 11 Varindi vesuo vakadaidzira mashoko aya
zvikaziviswa mukati momuzinda.
12 Mambo akamuka usiku akati kuvabati vake, "Ndichakuudzai
zvataitirwa navaAramu. Ivo vanoziva kuti tine nzara; saka vasiya musasa
vakandovanda muminda, vachifunga kuti 'Zvirokwazvo kana vakabuda
kunze ipapo isu tichavabata vari vapenyu tigopinda muguta.' "
13 Mumwe wavabati vake akapindura akati, "Vamwe varume ngavatore
mabhiza mashanu akasiyiwa muguta. Zvichaitika kwavari zvichafanana
nezvichaitika kuvaIsraeri vose vasara muno, hongu vachava chete savaIs-
raeri vose ava vachaparara. Naizvozvo ngativatumei kuti vandoona kuti
chii chakaitika."
14 Saka vakatsaura ngoro mbiri namabhiza adzo, mambo akavatuma
kuti vatevere hondo yavaAramu. Akarayira vachairi akati, "Endai
mundoona kuti chii chakaitika." 15 Vakavatevera kusvikira paJorod-
hani, vakawana nzira yose izere nguo nenhumbi dzakanga dzakaraswa
navaAramu pakutiza kwavo. Saka nhumwa dzakadzoka dzikaudza
mambo izvozvo. 16 Ipapo vanhu vakabuda vakandopamba musasa
wavaAramu. Saka chiyero choupfu hwakatsetseka chakatengeswa
neshekeri rimwe chete uye zviyero zviviri zvebhari zvakatengeswawo
neshekeri, sezvakanga zvarehwa naJehovha.
17 Zvino mambo akanga aisa mubati uya waaimbosendamira paruoko
rwake kuti ave muchengeti wesuo, ipapo vanhu vakamutsikirira pasi
pesuo ipapo, akafa, sezvakanga zvataurwa nomunhu waMwari musi
wakauya mambo kwaari. 18 Zvakaitika sezvakanga zvarehwa nomunhu
waMwari kuna mambo achiti, "Mangwana, nenguva yakaita seino,
chiyero choupfu hwakatsetseka chichatengeswa neshekeri rimwe uye
zviyero zviviri zvebhari zvichatengeswawo neshekeri pasuo reSamaria."
19 Zvino mubati uya akanga ati kumunhu waMwari, "Tarira, kunyange
dai Mwari akazarura mawindo okumatenga, zvakadai zvingaitika here?"
Munhu waMwari akanga amupindura akati, "Uchazviona nameso ako,
asi haungadyi kana chimwe chazvo!" 20 Zvino ndizvo chaizvo zvakaitika
kwaari, nokuti vanhu vakamutsikirira pasuo, akafa.

# 8

*Mukadzi muShunami anodzorerwa munda wake*
1 Zvino Erisha akanga ati kumukadzi waakararamisira mwanako-
mana wake, "Enda kure iwe neimba yako unogara chero paunogona
kugara, nokuti Jehovha akarayira nzara ichapedza makore manomwe
panyika." 2 Naizvozvo mukadzi akasimuka akaita sezvakanga zvarehwa
nomunhu waMwari. Akaenda iye neveimba yake akandogara kwamakore
manomwe kunyika yavaFiristia.
3 Makore manomwe akati akapera, akadzoka kunyika yavaFiristia
akaenda kuna mambo akandokumbira kuti adzorerwe imba yake no-
munda wake. 4 Zvino mambo akanga achitaurirana naGehazi, muranda
womunhu waMwari, uye akanga ati kwaari, "Nditaurirewo pamusoro
pezvinhu zvikuru zvose zvakaitwa naErisha." 5 Gehazi achiri kutaurira

mambo kuti Erisha akanga araramisa sei mukomana akanga afa, mukadzi
aiva nomwanakomana akanga araramiswa naErisha akabva asvika kuti
azokumbira imba yake nomunda wake kuna mambo.

Gehazi akati, "Uyu ndiye mukadzi wacho, ishe wangu mambo, uye uyu
ndiye mwanakomana wake akararamiswa naErisha." 6 Zvino mambo
akabvunza mukadzi pamusoro paizvozvo, iye akamutaurira.

Ipapo akatuma mubati kuti aone nezvenyaya yomukadzi uyu akati,
"Mudzorerei zvake zvose pamwe nezvibereko zvinobva pamunda wake
kubvira pazuva raakabva munyika ino kusvikira zvino."

### *Hazaeri anouraya Bheni-Hadhadhi*

7 Erisha akaenda kuDhamasiko uye Bheni-Hadhadhi mambo
wavaAramu airwara. Mambo akati audzwa kuti, "Munhu waMwari
asvika kuno," 8 iye akati kuna Hazaeri, "Tora chipo uende nacho
unosangana nomunhu waMwari. Undibvunzirewo Jehovha kubudikidza
naye; umubvunze kuti, 'Ndichaporawo here pakurwara uku?' "

9 Hazaeri akaenda kundosangana naErisha, akamuvigira chipo
chezvipfeko zvose zvakanga zvakanaka kwazvo zveDhamasiko
zvaitakurwa namakumi mana engamera. Akapinda mumba akamira
pamberi pake, akati, "Mwanakomana wenyu Bheni-Hadhadhi mambo
wavaAramu anditumа kuti ndizobvunza kuti, 'Ndichaporawo here
pakurwara uku?' "

10 Erisha akapindura akati, "Enda unoti kwaari, Zvirokwazvo mucha-
pora, asi Jehovha akandiratidza kuti vachafa zvirokwazvo." 11 Akaramba
akamutarisa kusvikira Hazaeri anyara. Ipapo munhu waMwari akatanga
kuchema.

12 Hazaeri akamubvunza akati, "Seiko ishe wangu achichema?"

Iye akapindura akati, "Nokuti ndinoziva zvakaipa zvauchaitira vaIs-
raeri. Uchapisa nhare dzavo nomoto, uchauraya majaya avo nomunondo,
ucharovera pwere dzavo pasi, uye uchatumbura vakadzi vavo vane
mimba."

13 Hazaeri akati, "Ko, muranda wenyu chiiko, iyo imbwa zvayo, kuti
angaita chinhu chakakura kudai?"

Erisha akapindura akati, "Jehovha akandiratidza kuti iwe uchava
mambo wavaAramu."

14 Ipapo Hazaeri akabva pana Erisha akadzokera kuna tenzi wake.
Bheni-Hadhadhi paakabvunza achiti, "Erisha akati kudini kwauri?" Haz-
aeri akapindura akati, "Akandiudza kuti zvirokwazvo muchapora." 15 Asi
nezuva raitevera akatora jira akarinyika mumvura akapfumbira chiso
chamambo kusvikira afa. Ipapo Hazaeri akamutevera paumambo.

### *Jehoramu Mambo waJudha*

16 Mugore rechishanu raJoramu mwanakomana waAhabhu mambo
weIsraeri, Jehoshafati ari mambo weJudha, Jehoramu mwanakomana
waJehoshafati akatanga kutonga kwake samambo weJudha. 17 Akanga ava
namakore makumi matatu namaviri paakava mambo, uye akatonga mu-
Jerusarema kwamakore masere. 18 Akafamba munzira dzamadzimambo
eIsraeri, sezvakaita imba yaAhabhu, nokuti akawana mwanasikana
waAhabhu. Akaita zvakaipa pamberi paJehovha. 19 Kunyange zvakadaro,
Jehovha akanga asingadi kuparadza Judha, nokuda kwomuranda wake
Dhavhidhi. Akanga avimbisa kupa mwenje kwaari nokuvana vake
nokusingaperi.

20 Munguva yaJehoramu, Edhomu yakapandukira Judha ikazvigadzira
mambo wayo. 21 Naizvozvo Jehoramu akaenda kuZairi nengoro dzake
dzose. VaEdhomu vakamukomba iye navakuru vake vengoro, asi
akamuka usiku akavarwisa; uye hondo yake yakatizira kumusha.
22 Naizvozvo vaEdhomu vakabva vamukira vaJudha kusvikira nhasi.
Ribhina yakapandukawo panguva imwe cheteyo.
23 Zvimwe zvakaitwa pamazuva okutonga kwaJehoramu nezvose
zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadz-
imambo aJudha? 24 Jehoramu akavata namadzibaba ake akavigwa
pamwe chete navo muguta raDhavhidhi. Ahazia mwanakomana wake
akamutevera paumambo.

### *Ahazia Mambo weJudha*

25 Mugore regumi namaviri raJoramu, mwanakomana waAhabhu,
mambo weIsraeri, Ahazia, mwanakomana waJehoramu, mambo weJudha
akatanga kutonga. 26 Ahazia akanga ana makore makumi maviri
namaviri paakava mambo, akatonga muJerusarema kwegore rimwe
chete. Zita ramai vake rainzi Ataria, muzukuru waOmuri, mambo
weIsraeri. 27 Akafamba munzira dzeimba yaAhabhu akaita zvakaipa
pamberi paJehovha, sezvakaitwa neimba yaAhabhu, nokuti akanga ari
mukuwasha kumhuri yaAhabhu.
28 Ahazia akaenda naJoramu mwanakomana waAhabhu kundorwa
naHazaeri, mambo weAramu, paRamoti Gireadhi. VaAramu vakakuvadza
Joramu; 29 naizvozvo mambo Joramu akadzokera kuJezireeri kuti ambon-
dopora maronda aakanga akakuvadzwa navaAramu paRamoti mukurwa
kwake naHazaeri mambo weAramu.

Ipapo Ahazia mwanakomana waJehoramu, mambo weJudha, akadzika kuJezireeri kundoona Joramu, mwanakomana waAhabhu, nokuti akanga akuvadzwa.

# 9

### *Jehu anozodzwa kuti ave Mambo weIsraeri*

1 Muprofita Erisha akadana murume aibva kuboka ravaprofita akati
kwaari, "Chizvisunga chiuno chako, utore chinu chamafuta ugoenda
kuRamoti Gireadhi. 2 Kana wasvikako, utsvake Jehu, mwanakomana
waJehoshafati, mwanakomana waNimishi. Uende kwaari, umubvise
pakati peshamwari dzake ugopinda naye muimba yomukati. 3 Ipapo
utore chinu ugodira mafuta pamusoro wake uchiti, 'Zvanzi naJehovha:
Ndakuzodza kuti uve mambo weIsraeri.' Ipapo ugozarura mukova utize;
usanonoka!"
4 Naizvozvo jaya iri, muprofita, rakaenda kuRamoti Gireadhi. 5 Akati
asvika, akawana vakuru vehondo vagere pamwe chete. Akati, "Ndine
shoko renyu, imi mukuru."

Jehu akamubvunza akati, "Kuna ani pakati pedu?"

Iye akapindura akati, "Kunemi imi, mutungamiri."

6 Jehu akasimuka akapinda mumba. Ipapo muprofita akadira mafuta
pamusoro waJehu akati, "Zvanzi naJehovha: Mwari weIsraeri: 'Ndaku-
zodza kuti uve mambo wavanhu vaJehovha, ivo vaIsraeri. 7 Unofanira
kuparadza imba yaAhabhu tenzi wako, uye ini ndichatsiva ropa ravaranda
vangu vaprofita uye neropa ravaranda vose vaJehovha rakadeurwa
naJezebheri. 8 Nokuti imba yose yaAhabhu ichaparadzwa. Ndichabvisa
kubva kuna Ahabhu murume wokupedzisira wose wose muIsraeri,

nhapwa kana akasununguka. 9 Ndichaita imba yaAhabhu seyaJerob-
hoamu, mwanakomana waNebhati, uye seimba yaBhaasha, mwanako-
mana waAhija. 10 Kana ari Jezebheri, imbwa dzichamudya pamunda
weJezireeri, hapana achamuviga.' " Ipapo akazarura mukova akatiza.
11 Jehu akati aenda kuna vamwe vabati pamwe naye, mumwe wavo
akamubvunza akati, "Kwakanaka here? Ko, iri benzi romurume ravingei
kwauri?"
Jehu akapindura akati, "Murume uyu unomuziva nezvinhu zvaanoga-
rotaura."
12 Ivo vakati, "Hazvisizvo! Tiudze."
Jehu akati, "Hezvi zvaandiudza: 'Zvanzi naJehovha: Ndakuzodza kuti
uve mambo weIsraeri.' "
13 Vakakurumidza kutora majasi avo vakaawaridza pasi pamakumbo
ake pazvikwiriso. Ipapo vakaridza hwamanda vakadanidzira vachiti,
"Jehu ava mambo!"

### *Jehu anouraya Joramu naAhazia*

14 Saka Jehu, mwanakomana waJehoshafati, mwanakomana waNimishi,
akamukira Joramu. (Zvino Joramu navaIsraeri vose vakanga vadzivirira
Ramoti Gireadhi nokuda kwaHazaeri mambo weAramu. 15 Asi mambo
Joramu akanga adzokera kuJezireeri kuti andopora maronda aakanga aku-
vadzwa navaAramu muhondo naHazaeri, mambo weAramu.) Jehu akati,
"Kana zviri izvo zvamunoda, ngaparege kuva neanonyeruka achibuda
muguta achienda kunotaura shoko muJezireeri." 16 Ipapo akakwira
mungoro yake akaenda kuJezireeri, nokuti Joramu akanga akazorora
ikoko uye Ahazia mambo weJudha akanga adzikako kuti andomuona.
17 Nharirire yakanga yakamira pamusoro peshongwe muJezireeri yakati
ichiona varwi vaJehu vava kusvika, yakadanidzira ichiti, "Ndiri kuona
varwi vari kuuya."
Joramu akamurayira akati, "Dana mutasvi webhiza. Mutume kuti
anosangana navo agovabvunza kuti, 'Muri kuuya norugare here?' "
18 Mutasvi webhiza akakwidza kundosangana naJehu akati, "Zvanzi
namambo, 'Mauya norugare here?' "
Jehu akapindura akati, "Uneiko iwe norugare? Tevera shure kwangu."
Nharirire yakazivisa kuti, "Nhume yasvika kwavari, asi haisi kudzoka."
19 Saka mambo akatumazve mumwe mutasvi webhiza. Akati achisvika
kwavari akati, "Zvanzi namambo, 'Mauya norugare here?' "
Jehu akapindura akati, "Uneiko norugare iwe? Tevera shure kwangu."
20 Nharirire yakazivisazve ichiti, "Asvika kwavari, asi naiyewo haasi
kudzoka. Kuchaira kwacho kwakafanana nokwaJehu mwanakomana
waNimishi, nokuti anochaira kunge benzi."
21 Joramu akarayira akati, "Sungai ngoro yangu." Zvino yakati ya-
sungwa, Joramu mambo weIsraeri naAhazia mambo weJudha vakakwira
mumwe nomumwe mungoro yake, kundosangana naJehu. Vakasangana
naye pamunda wakanga uri waNabhoti muJezireeri. 22 Joramu akati aona
Jehu akamubvunza akati, "Wauya norugare here, Jehu?"
Jehu akapindura akati, "Pangava norugare seiko, kana pachine ufeve
nouroyi hwakawanda hwamai vako Jezebheri?"
23 Ipapo Joramu akatendeuka akatiza, achidanidzira kuna Ahazi achiti,
"Tamukirwa, Ahazi!"
24 Ipapo Jehu akawembura uta hwake akapfura Joramu napakati
pamapendekete. Museve wakandobaya pamwoyo wake iye ndokuwira
mungoro yake. 25 Jehu akati kuna Bhidhikari, muchairi wengoro,

“Musimudze umukande mumunda waimbova waNabhoti muJezireeri.
Rangarira pataiva mungoro iwe neni tiri shure kwababa vake Ahabhu, Je-
hovha paakaita chiprofita ichi pamusoro pake: 26 ‘Nezuro ndakaona ropa
raNabhoti neropa romwanakomana wake, ndizvo zvinotaura Jehovha, uye
zvirokwazvo ndichaita kuti iwe uzviripe pamunda uno, ndizvo zvinotaura
Jehovha.’ Naizvozvo zvino, chimusimudza umukande pamunda uyo,
sezvakarehwa neshoko raJehovha.”

27 Ahazia mambo weJudha akati aona zvakanga zvaitika, akatiza
nenzira yokuBheti Hagani. Jehu akamudzingirira, achidanidzira achiti,
“Muurayei naiyewo!” Vakamukuvadza ari mungoro yake ari munzira
yaienda nokuGuri pedyo neIbhiremi, asi akapunyuka akaenda kuMegidho
akandofira ikoko. 28 Varanda vake vakamutakura nengoro vakaenda
kuJerusarema vakandomuviga namadzibaba ake muguva rake muGuta
raDhavhidhi. 29 (Mugore regumi nerimwe raJoramu mwanakomana
waAhabhu, Ahazia akava mambo weJudha.)

*Jezebheri anourayiwa*

30 Zvino Jehu akaenda kuJezireeri. Jezebheri akati azvinzwa, akapenda
meso ake, akashongedza bvudzi rake ndokutarira napawindo. 31 Jehu
akati achipinda pasuo, Jezebheri akamubvunza akati, “Wauya norugare
here, Zimuri, iwe muurayi watenzi wako?”

32 Jehu akatarira kumusoro pawindo akadanidzira akati, “Ndiani ari
kurutivi rwangu? Ndiani?” Varanda vaviri kana vatatu vakamutarira.
33 Jehu akati, “Mukandirei pasi!” Naizvozvo vakamukanda pasi, rimwe
ropa rake rikapfachukira parusvingo napamabhiza paakatsikwa nawo.

34 Jehu akapinda akadya uye akanwa. Akati, “Torai mukadzi akatukwa,
mumuvige, nokuti akanga ari mwanasikana wamambo.” 35 Asi vakati
vaenda kundomuviga, havana chavakakawana kunze kwedehenya rake,
tsoka dzake namaoko ake chete. 36 Vakadzokera vakandoudza Jehu, iye
akati, “Iri ndiro shoko raJehovha raakataura kubudikidza nomuranda
wake Eria muTishibhi achiti: Imbwa dzichadya nyama yaJezebheri
pamunda wokuJezireeri. 37 Chitunha chaJezebheri chichava somupfudze
pamusoro pomunda wokuJezireeri, zvokuti hapana achagona kuti, ‘Uyu
ndiye Jezebheri.’ ”

# 10

*Mhuri yaAhabhu inourayiwa*

1 Zvino muSamaria maiva navanakomana vaAhabhu makumi
manomwe. Saka Jehu akanyora matsamba akatumira kuSamaria achiti:
kuvabati veJezireeri, kuvakuru navachengeti vavana vaAhabhu. Akati,
2 “Panongosvika tsamba iyi kwamuri, sezvo vana vatenzi wenyu vanemi
uye ngoro namabhiza munazvo, guta rakakombwa uye nezvombo,
3 sarudzai mwanakomana watenzi wenyu akanaka, uye anokudzwa
kukunda vose mugomugadza pachigaro choushe chababa vake. Ipapo
mugorwira imba yatenzi wenyu.”

4 Asi vakavhunduka vakati, “Kana madzimambo maviri asina ku-
mukunda, isu tingamugona seiko?”

5 Naizvozvo mutariri wapamuzinda, nomukuru weguta, navakuru
navareri vakatuma shoko kuna Jehu vakati, “Tiri varanda venyu uye
tichaita zvose zvamunoreva. Hatichagadzi ani zvake kuti ave mambo; imi
itai zvose zvamunofunga kuti zvakanaka.”

6 Ipapo Jehu akavanyorerazve tsamba yechipiri akati, "Kana muri kurutivi rwangu uye muchizonditeerera, uyai nemisoro yavanakomana vatenzi wenyu kwandiri muJezireeri nenguva ino mangwana."

Zvino machinda amambo, makumi manomwe, vakanga vane varume
vaitungamirira guta, vaiva vachengeti vavo. 7 Tsamba yakati yasvika
kwavari, varume ava vakatora vanakomana vamambo vakavauraya vose vari makumi manomwe. Vakaisa misoro yavo mumatengu vakaitumira
kuna Jehu muJezireeri. 8 Nhume yakati yasvika, yakaudza Jehu kuti,
"Vauya nemisoro yavanakomana vamambo."

Ipapo Jehu akavarayira akati, "Irongei mumirwi miviri pasuo reguta kusvikira mangwana."

9 Fume mangwana Jehu akamuka akabuda. Akamira pamberi pavanhu vose akati kwavari, "Imi hamuna mhosva. Ndini ndakamukira tenzi
wangu ndikamuuraya, asi ndiani auraya ava vose? 10 Muzive zvino
kuti hakuna shoko rakataurwa naJehovha pamusoro peimba yaAhabhu richawira pasi. Jehovha aita zvaakavimbisa kubudikidza nomuranda
wake Eria." 11 Saka Jehu akauraya vose vakasara veimba yaAhabhu
vaiva muJezireeri, namakurukota ake ose, neshamwari dzake dzepedyo navaprista, akasamusiyira mupenyu.

12 Zvino Jehu akasimuka akananga kuSamaria. Paimba yaiveurirwa
makwai navafudzi, 13 akasangana nehama dzaAhazia mambo weJudha
akavabvunza akati, "Ndimi vanaaniko?"

Ivo vakati, "Tiri hama dzaAhazia, tauya kuzokwazisa mhuri dzamambo nedzamambokadzi."

14 Akarayira akati, "Vatorei vari vapenyu!" Naizvozvo vakavatora vari vapenyu vakandovauraya patsime rapaimba yaiveurirwa makwai, varume makumi mana navaviri. Haana kusiya mupenyu.

15 Abva ikoko, akasangana naJehonadhabhi mwanakomana waRekabhi, akanga ari munzira kuzosangana naye. Jehu akamukwazisa akati, "Unondifarira here, sokufarira kwandinokuita."

Jehonadhabhi akati, "Hongu."

Jehu akati, "Kana zviri izvo ndipe ruoko rwako." Akaita saizvozvo, Jehu
akamukwidza mungoro. 16 Jehu akati kwaari, "Uya uone kushingairira
kwangu Jehovha." Ipapo akafamba naye mungoro yake.

17 Jehu akati asvika kuSamaria, akauraya vakasara vose veimba yaAhabhu; akavaparadza, sezvakanga zvarehwa neshoko raJehovha kuna Eria.

### *Vashumiri vaBhaari vanourayiwa*

18 Ipapo Jehu akaunganidza vanhu vose pamwe chete akati
kwavari, "Ahabhu akashumira Bhaari zvishoma; Jehu achamushumira
zvakanyanya. 19 Zvino chikokai vaprofita vose vaBhaari, navashumiri
vake vose. Muone kuti hapana anosara, nokuti ndiri kuzoita chibayiro chikuru chaBhaari. Ani naani achatadza kuuya haangararami." Asi Jehu akanga achivanyengera achiitira kuti aparadze vashumiri vaBhaari.

20 Jehu akati, "Danidzirai ungano yokuremekedza Bhaari." Naizvozvo
vakadanidzira. 21 Ipapo akatuma shoko muIsraeri mose, vashumiri vose
vaBhaari vakauya; hapana kana mumwe chete akasara. Vakatsikiririrana mutemberi yaBhaari kusvikira yazara kubva kuno rumwe rutivi kusvika
kuno rumwe. 22 Zvino Jehu akati kumuchengeti wezvipfeko, "Uya nenguo
dzavashumiri vaBhaari." Naizvozvo akavavigira nguo.

23 Ipapo Jehu naJehonadhabhi mwanakomana waRekabhi vakapinda mutemberi yaBhaari. Jehu akati kuvashumiri vaBhaari, "Tarirai muone

kuti pakati penyu hapana varanda vaJehovha vari pano nemi, asi vashu-
miri vaBhaari chete." 24 Naizvozvo vakapinda kundobayira zvibayiro
nezvipiriso zvinopiswa. Zvino Jehu akanga amisa panze varume makumi
masere neyambiro yokuti: "Kana mumwe wenyu akarega mumwe
wavarume ava vandaisa mumaoko enyu achipunyuka, zvichareva kuti iye
achamufira."
25 Jehu akati achangopedza kuita chipiriso chinopiswa, akabva arayira
varindi navakuru akati, "Pindai mukati munovauraya; ngaparege kuva
neanopunyuka." Naizvozvo vakavauraya nomunondo. Varindi navakuru
vakakanda zvitunha zvavo kunze uye vakapinda munhare yomukati
metemberi yaBhaari. 26 Vakabudisa dombo rinoera kunze kwetemberi
yaBhaari vakaripisa. 27 Vakaparadza dombo rinoera raBhaari vakaputsa
temberi yaBhaari, uye vanhu vakaishandisa sechimbuzi kusvikira nhasi.
28 Naizvozvo Jehu akaparadza chinamato chaBhaari muIsraeri.
29 Kunyange zvakadaro, haana kutsauka pazvivi zvaJerobhoamu
mwanakomana waNebhati, zvaakaita kuti vaIsraeri vaite, nokunamata
mhuru yegoridhe paBheteri napaDhani.
30 Jehovha akati kuna Jehu, "Nokuti wakaita zvakanaka mukuzadzisa
izvo zvakarurama pamberi pangu uye ukaita kuimba yaAhabhu zvose
zvandaiva nazvo mupfungwa kuti ndiite, vana vako vachagara pachi-
garo choushe cheIsraeri kusvikira kuchizvarwa chechina." 31 Asi Jehu
haana kuchenjerera kuchengeta murayiro waJehovha, Mwari waIsraeri,
nomwoyo wake wose. Haana kutsauka kubva pazvivi zvaJerobhoamu,
zvaakanga aita kuti Israeri iite.
32 Mumazuva iwayo Jehovha akatanga kutapudza vaIsraeri. Hazaeri
akakurira vaIsraeri munyika yavo yose 33 kumabvazuva eJorodhani mun-
yika yose yeGireadhi (dunhu raGadhi, neraRubheni neraManase), kubva
kuAreori nepaMupata weAnoni zvichipfuura nomuGireadhi kusvikira
kuBhashani.
34 Zvino mamwe mabasa okutonga kwaJehu, nezvose zvaakaita, uye
nokubudirira kwake kwose, hazvina kunyorwa here mubhuku ren-
horoondo dzamadzimambo eIsraeri?
35 Jehu akazorora namadzibaba ake akavigwa muSamaria. Jehoahazi
mwanakomana wake akamutevera paumambo. 36 Jehu akabata ushe
pamusoro peIsraeri muSamaria kwamakore makumi maviri namasere.

# 11

### *Ataria naJoashi*

1 Ataria mai vaAhazia vakati vaona kuti mwanakomana wavo akanga
afa, vakapfuurira mberi nokuparadza veimba youmambo vose. 2 Asi
Jehoshebha, mwanasikana waMambo Jehoramu nehanzvadzi yaAhazia,
vakatora Joashi mwanakomana waAhazia ndokumuba kubva pakati pa-
vana voumambo, vakanga vava pedyo nokuurayiwa. Akamuisa muimba
yake yokurara nomureri wake achimuvanza kubva pana Ataria; saka
haana kuurayiwa. 3 Akagara akavigwa iye nomureri wake mutemberi
yaJehovha kwamakore matanhatu, Ataria achiri kutonga nyika.
4 Mugore rechinomwe Jehoyadha akatuma vatungamiri vezvikwata
zvezana, navarindi akaita kuti vauyiswe kwaari kutemberi yaJehovha.
Akaita sungano navo akavaitisa mhiko mutemberi yaJehovha. Ipapo
akavaratidza mwanakomana wamambo. 5 Akavarayira akati, "Izvi ndizvo
zvamunofanira kuita: Imi muri mumapoka matatu ari kuenda pabasa

nomusi weSabata, chikamu chimwe chete kubva muzvitatu chenyu
chinofanira kurinda muzinda wamambo, [6] chikamu chimwe chete kubva
muzvitatu paSuo reSuri, uye chikamu chimwe chete kubva muzvitatu
pasuo riri seri kwomurindi, anoita madzoro okurinda temberi, [7] uye imi
vari mune mamwe mapoka maviri anochizorora musi weSabata, mose
munofanira kurinda temberi muchiitira mambo. [8] Mugare makakomba
mambo, murume mumwe nomumwe akabata chombo muruoko rwake.
Ani naani anosvika panzvimbo dzenyu anofanira kufa. Mugare pedyo
namambo kwose kwose kwaanoenda."

[9] Vatungamiri vezvikwata zvezana vakaita sezvakanga zvarayirwa
naJehoyadha muprista. Mumwe nomumwe akatora vanhu vake, vaya
vakanga vachienda pabasa nomusi weSabata navaya vakanga vapedza
dzoro vakauya kuna Jehoyadha muprista. [10] Ipapo akapa vakuru vehondo
mapfumo nenhoo zvaimbova zvaMambo Dhavhidhi zvaiva mutemberi
yaJehovha. [11] Varindi vakagara vakakomba mambo pedyo nearitari
netemberi, mumwe nomumwe akabata chombo muruoko rwake, kubva
kurutivi rwezasi kusvikira kurutivi rwezasi rwetemberi.

[12] Jehoyadha akabudisa mwanakomana wamambo uye akadzika korona
mumusoro wake; akamupa rugwaro rwesungano uye akamuita mambo.
Vakamuzodza, vanhu vakauchira maoko avo uye vakadanidzira vakati,
"Mambo ngaararame nokusingaperi!"

[13] Ataria akati anzwa mheremhere yaiitwa navarindi uye navanhu,
akaenda kuvanhu patemberi yaJehovha. [14] Akatarira ndokuona hoyo
mambo, akamira pambiru, saiyo yaiva tsika yacho. Vakuru navaridzi
vehwamanda vakanga vari parutivi rwamambo, uye vanhu vose venyika
vakanga vachifara vachiridza hwamanda. Ipapo Ataria akabvarura nguo
dzake akadanidzira achiti, "Vandimukira! Vandimukira!"

[15] Jehoyadha muprista akarayira vatungamiri vezvikwata zvezana,
vaitungamirira mauto akati: "Mubudisei kunze nechapakati pemisara
mugouraya ani naani anomutevera." Nokuti muprista akanga ati,
"Haafaniri kuurayirwa mutemberi yaJehovha." [16] Naizvozvo vakamubata
paakasvika panzvimbo yaipinda namabhiza pamuzinda, vakamuurayira
ipapo.

[17] Ipapo Jehoyadha akaita sungano pakati paJehovha namambo uye
navanhu kuti vaizova vanhu vaJehovha. Akaitawo sungano pakati
pamambo navanhu. [18] Vanhu vose venyika vakaenda kutemberi yaBhaari
vakaiputsira pasi. Vakaputsa aritari dzezvifananidzo uye vakaurayawo
Matani, muprista waBhaari, pamberi pearitari.

Ipapo Jehoyadha muprista akagadza varindi patemberi yaJehovha.
[19] Akatora vatungamiri vamazana, navaKari, navarindi uye vanhu vose
venyika, vakaburutsa mambo kubva kutemberi yaJehovha vakaenda
naye kumuzinda pamwe chete, vakapinda nokusuo ravarindi. Ipapo
mambo akatora nzvimbo yake pachigaro choushe, [20] vanhu vose venyika
vakafara. Guta rakanyarara, nokuti Ataria akanga aurayiwa nomunondo
pamuzinda.

[21] Joashi akanga ana makore manomwe paakatanga kutonga.

# 12

*Joashi anogadziridza Temberi*

[1] Mugore rechinomwe raJehu, Joashi akava mambo, uye akatonga
muJerusarema kwamakore makumi mana. Zita ramai vake rainzi Zibhia;

vaibva kuBheerishebha. 2 Joashi akaita zvakanaka pamberi paJehovha pa-
makore ose aakadzidziswa naJehoyadha muprista. 3 Kunyange zvakadaro,
matunhu akakwirira haana kubviswa; vanhu vakaramba vachibayira
zvibayiro uye vachipisira zvinonhuhwira ikoko.

4 Joashi akati kuvaprista, "Unganidzai mari yose inouyiswa sezvipiriso
zvakatsaurwa kutemberi yaJehovha, mari inounganidzwa, pakuverengwa
kwavanhu, mari inogamuchirwa iri yemhiko, nemari inouyiswa kutem-
beri vanhu vachida havo. 5 Vaprista vose ngavagamuchire mari kubva
kuno mumwe wavachengeti vehomwe yemari, uye ngaishandiswe ku-
gadzira pose pavanowana pakaputsika mutemberi."

6 Asi mugore ramakumi maviri namatatu raMambo Joashi vaprista
vakanga vachigere kugadzira temberi. 7 Naizvozvo Mambo Joashi akadana
muprista Jehoyadha navamwe vaprista akavabvunza akati, "Seiko musin-
gagadziri pakaputsika mutemberi? Chiregai kutora imwe mari zvakare
kubva kuvabati vehomwe, asi muibudise kuti iite basa rokugadzira
temberi." 8 Vaprista vakabvuma kuti havaizounganidzazve mari kubva
kuvanhu uye kuti havaizogadzira temberi ivo pachavo.

9 Muprista Jehoyadha akatora bhokisi akaboora buri pachidzivo charo.
Akarigadzika parutivi pearitari, kurudyi kana munhu achipinda mutem-
beri yaJehovha. Vaprista vairinda mukova vakaisa mubhokisi mari yose
yakauyiswa kutemberi yaJehovha. 10 Pose pavaiona kuti mari yakanga
yawanda mubhokisi, munyori wamambo nomuprista mukuru, vaiverenga
mari yainge yauyiswa mutemberi yaJehovha voiisa muzvihomwe. 11 Vaiti
kana vaona kuti yava marii, vaizoipa kuvarume vakanga vagadzwa kuti
vave vatariri vebasa retemberi. Mari iyi yaizoripira vakanga vachishanda
patemberi yaJehovha, vavezi navavaki, 12 navaironga uye navavezi vam-
atombo. Vakatenga matanda namatombo akavezwa okugadzirisa temberi
yaJehovha, uye vakaripira zvose zvaidiwa pakugadziridza temberi.

13 Mari yaiuyiswa mutemberi haina kushandiswa pakugadzira madhishi
esirivha, mbato dzemwenje, nemikombe, nehwamanda kana zvimwe zvipi
zvazvo zvegoridhe kana sirivha zvetemberi yaJehovha. 14 Yakaripirwa
kuvarume vaishanda, ivo vakaishandisa kugadzira temberi. 15 Havana
kubvunza mashandisirwo ayo kuna avo vavakapa mari kuti varipire
vashandi, nokuti vakashanda vakatendeka zvakakwana. 16 Mari yaibva
kuzvipiriso zvemhosva nezvipiriso zvechivi haina kuuyiswa mutemberi
yaJehovha; yakanga iri yavaprista.

17 Panguva yakaita saiyoyi Hazaeri mambo weAramu akaenda akandor-
wisa Gati akaripamba. Ipapo akadzokera kundorwisa Jerusarema. 18 Asi
Joashi mambo weJudha akatora zvinhu zvose zvitsvene zvakatsaurwa
zvakanga zvakumikidzwa namadzibaba ake, Jehoshafati, naJehoramu
naAhazia madzimambo eJudha, zvipo zvaakanga akumikidza iye ne-
goridhe rose rakawanikwa mumatura etemberi yaJehovha nomumuzinda
wamambo, akazvitumira kuna Hazaeri mambo weAramu, iye akabva
muJerusarema.

19 Zvimwe zvakaitwa pakutonga kwaJoashi, nezvose zvaakaita, hazv-
ina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eJudha?
20 Vabati vake vakaita rangano yokumumukira vakamuuraya paBheti
Miro, panzira yaienda kuSira. 21 Vabati vakamuuraya vakanga vari vana-
Jozabhadhi mwanakomana waShimeati naJehozabhadhi mwanakomana
waShomeri. Akafa akavigwa pamwe chete namadzibaba ake muGuta
raDhavhidhi. Uye Amazia mwanakomana wake akamutevera paumambo.

# 13

*Jehoahazi Mambo weIsraeri*

1 Mugore ramakumi maviri namatatu raJoashi mwanakomana waA-
hazia mambo weJudha, Jehoahazi mwanakomana waJehu akava mambo
weIsraeri muSamaria, uye akatonga kwamakore gumi namanomwe.
2 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha nokutevera zvivi zvaJerobhoamu
mwanakomana waNebhati, zvaakanga aita kuti vaIsraeri vaite, uye
haana kutendeuka kubva pazvivi. 3 Naizvozvo kutsamwa kwaJehovha
kwakabvira somoto pamusoro peIsraeri, uye kwenguva yakareba akavaisa
pasi poruoko rwaHazaeri mambo weAramu naBheni-Hadhadhi mwanako-
mana wake.

4 Ipapo Jehoahazi akatsvaka nyasha dzaJehovha, Jehovha akamunzwa,
nokuti akanga aona kuti mambo weAramu airwadzisa uye achitambudza
Israeri zvakanyanya sei. 5 Jehovha akamutsira Israeri mudzikinuri, uye
vakapukunyuka kubva pasi poruoko rwavaAramu. Naizvozvo vaIsraeri
vakagara mumisha yavo sezvavakanga vakaita kare. 6 Asi havana
kutendeuka kubva pazvivi zveimba yaJerobhoamu, zvaakanga aita kuti
Israeri iite, vakarambira mazviri. Uyezve danda raAshera rakaramba
rimire muSamaria.

7 Hapana hondo yaJehoahazi yakasara kunze kwavarume vamabhiza
makumi mashanu, nengoro gumi uye zviuru gumi zvavarwi vaifamba
netsoka, nokuti mambo weAramu akanga aparadza vazhinji vavo akavaita
seguruva renguva yokupura.

8 Zvino zvimwe zvakaitwa pakutonga kwaJehoahazi, nezvose zvaakaita
nokubudirira kwake, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo
dzamadzimambo eIsraeri? 9 Jehoahazi akazorora namadzibaba ake
uye akavigwa muSamaria. Jehoashi mwanakomana wake akamutevera
paumambo.

*Jehoashi Mambo weIsraeri*

10 Mugore ramakumi matatu namanomwe raJoashi mambo weJudha, Je-
hoashi mwanakomana waJehoahazi akava mambo weIsraeri muSamaria,
uye akatonga kwamakore gumi namatanhatu. 11 Akaita zvakaipa pamberi
paJehovha akasatendeuka kubva kana pane chimwe chezvivi zvaJerob-
hoamu mwanakomana waNebhati, zvaakaita kuti Israeri iite; akarambira
mazviri.

12 Zvino zvimwe zvakaitwa pakutonga kwaJehoashi, nezvose zvaakaita,
nokubudirira kwake, pamwe nokurwa kwake naAmazia mambo weJudha,
hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eIs-
raeri? 13 Jehoashi akazorora namadzibaba ake, Jerobhoamu akamutevera
pachigaro choushe. Jehoashi akavigwa muSamaria pamwe chete namadz-
imambo eIsraeri.

14 Zvino Erisha akanga achirwadziwa nedenda iro rakazomuuraya.
Jehoashi mambo weIsraeri akaendako kundomuona akachema pamusoro
pake akati, “Baba vangu! Ngoro dzaIsraeri navatasvi vamabhiza!”

15 Erisha akati, “Tora uta nemiseve,” iye akaita saizvozvo. 16 Akati kuna
mambo weIsraeri, “Tora uta muruoko rwako.” Akati atora uta, Erisha
akaisa maoko ake pamusoro pamaoko amambo.

17 Akati, “Zarura windo rokumabvazuva,” iye ndokurizarura. Erisha
akati, “Pfura!” iye ndokupfura. Erisha akati, “Museve waJehovha
wokukunda, museve wokukunda Aramu! Iwe uchaparadza vaAramu
zvachose paAfeki.”

18 Ipapo akati, “Chitora miseve,” mambo akaitora. Erisha akati kwaari,
“Rova pasi,” iye akarova katatu akabva amira. 19 Munhu waMwari
akamutsamwira akati kwaari, “Wanga uchifanira kurova pasi kashanu
kana katanhatu; ipapo waizokunda Aramu uye ugoiparadza zvachose. Asi
zvino uchazongoikunda katatu chete.”
20 Erisha akafa akavigwa.
Zvino hondo dzavaMoabhu dzakanga dzichipinda munyika kutanga
kwegore roga roga. 21 Rimwe zuva vaIsraeri vachiviga mumwe murume,
pakarepo vakaona mapoka avapambi; naizvozvo vakakanda mutumbi
womunhu uyu muguva raErisha. Mutumbi wakati wagunzva mapfupa
aErisha, munhu uya akamuka akamira namakumbo ake.
22 Hazaeri mambo weAramu akatambudza vaIsraeri pamazuva ose
okutonga kwaJehoahazi. 23 Asi Jehovha akavaitira nyasha, uye akava
nengoni akava nehanya navo nokuda kwesungano yake naAbhurahama,
naIsaka naJakobho. Kusvikira nhasi haana kuda kuvaparadza kana
kuvarasira kure naye.
24 Hazaeri mambo weAramu akafa, mwanakomana wake Bheni-
Hadhadhi akamutevera paumambo. 25 Ipapo Jehoashi mwanakomana
waJehoahazi akatorazve kubva kuna Bheni-Hadhadhi mwanakomana
waHazaeri maguta aakanga atora muhondo kubva kuna baba vake
Jehoahazi. Jehoashi akamukunda katatu, nokudaro akadzorazve maguta
avaIsraeri.

# 14

### *Amazia Mambo weJudha*

1 Mugore rechipiri raJehoashi mwanakomana waJehoahazi mambo
weIsraeri, Amazia mwanakomana waJoashi mambo weJudha akatanga
kutonga. 2 Akanga ava namakore makumi maviri namashanu paakava
mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore makumi maviri namap-
fumbamwe. Zita ramai vake rainzi Jehoadhini vakanga vachibva mu-
Jerusarema. 3 Akaita zvakanaka pamberi paJehovha, asi kwete sez-
vakaitwa nababa vake Dhavhidhi. Pazvinhu zvose akatevera muenzaniso
wababa vake Joashi. 4 Kunyange zvakadaro matunhu akakwirira haana
kubviswa, vanhu vakaramba vachipa zvibayiro nokupisa zvinonhuhwira
ikoko.
5 Mushure mokunge umambo hwanyatsosimba mumaoko ake, akauraya
vabati vaya vakauraya baba vake iye mambo. 6 Asi haana kuuraya vanako-
mana vavaurayi, sezvazvakanyorwa mubhuku romurayiro waMozisi
sezvakarayira Jehovha paakati, “Madzibaba haazourayiwi nokuda kwa-
vana vavo, uye vana havaurayiwi nokuda kwamadzibaba avo mumwe
nomumwe anofanira kufira zvivi zvake.”
7 Ndiye akakunda gumi rezviuru zvavaEdhomu muMupata woMunyu
uye akapamba Sera muhondo, akaritumidza kuti Jokiteeri, rinova zita raro
kusvikira nhasi.
8 Ipapo Amazia akatuma nhume kuna Jehoashi mwanakomana waJe-
hoahazi, mwanakomana waJehu, mambo weIsraeri, akati, “Uya tionane.”
9 Asi Jehoashi mambo weIsraeri akapindura Amazia mambo weJudha
akati, “Rukato rwomuRebhanoni rwakatuma nhume kumusidhari wom-
uRebhanoni, rukati, ‘Ipa mwanasikana wako kuti awanikwe nomwanako-
mana wangu.’ Ipapo mhuka yesango yomuRebhanoni yakauyapo ikatsika-
tsika rukato netsoka dzayo. 10 Zvirokwazvo wakakunda Edhomu asi zvino
wava kuzvikudza. Zvirumbidze hako pakukunda kwako, asi ugare kumba!

Seiko wava kutsvaka bongozozo kuti uzviwisire pasi iwe pamwe chete
neJudha?”
11 Kunyange zvakadaro, Amazia haana kuda kuteerera, naizvozvo
Jehoashi mambo weIsraeri akamurwisa. Iye naAmazia mambo weJudha
vakasangana paBheti Shemeshi muJudha. 12 VaJudha vakakundwa
navaIsraeri, murume mumwe nomumwe akatizira kumusha kwake.
13 Jehoashi mambo weIsraeri akabata Amazia mambo weJudha, mwanako-
mana waJoashi, mwanakomana waAhazia, paBheti Shemeshi. Ipapo
Jehoashi akaenda kuJerusarema akandoputsa rusvingo rweJerusarema
kubva kuSuo raEfuremu kusvikira paSuo repaKona chikamu chinosvika
makubhiti mazana mana*. 14 Akatora goridhe rose nesirivha yose
nemidziyo yose yakawanikwa iri mutemberi yaJehovha nomumatura
omumuzinda wamambo. Akatorawo vasungwa ndokubva adzokera
kuSamaria.
15 Zvino zvimwe zvokutonga kwaJehoashi, nezvaakaita uye kubudirira
kwake, pamwe nokurwa kwake naAmazia mambo weJudha, hazvina kun-
yorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eIsraeri? 16 Jehoashi
akazorora namadzibaba ake akavigwa muSamaria pamwe chete na-
madzimambo eIsraeri. Jerobhoamu mwanakomana wake akamutevera
paumambo.
17 Amazia mwanakomana waJoashi mambo weJudha akararama kwa-
makore gumi namashanu mushure mokufa kwaJehoashi mwanakomana
waJehoahazi mambo weIsraeri. 18 Zvino zvimwe zvakaitwa pakutonga
kwaAmazia, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzi-
mambo eJudha?
19 Vakaita rangano yakaipa pamusoro pake muJerusarema, iye akatizira
kuRakishi, asi vakatuma varume vakamutevera kuRakishi vakamuurayira
ikoko. 20 Akadzoswa namabhiza vakamuviga muJerusarema pamwe chete
namadzibaba ake, muGuta raDhavhidhi.
21 Ipapo vanhu vose veJudha vakatora Azaria, akanga ane makore
gumi namatanhatu, vakamuita mambo panzvimbo yababa vake Amazia.
22 Ndiye akavakazve Erati akaridzorera kuna Judha mushure mokunge
Amazia azorora namadzibaba ake.

### *Jerobhoamu weChipiri Mambo weIsraeri*

23 Mugore regumi namashanu raAmazia mwanakomana waJoashi
mambo weJudha, Jerobhoamu mwanakomana waJehoashi mambo weIs-
raeri akava mambo muSamaria, akatonga kwamakore makumi mana ne-
gore rimwe. 24 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha akasatendeuka kubva
kana pane chimwe chezvivi zvaJerobhoamu mwanakomana waNebhati,
zvaakaita kuti Israeri iite. 25 Ndiye akadzikazve miganhu yeIsraeri kubva
paRebho Hamati kusvika kuGungwa reArabha, sezvakarehwa neshoko
raJehovha, Mwari waIsraeri, rakataurwa kubudikidza nomuranda wake
Jona mwanakomana waAmutai, muprofita wokuGati Hefa.
26 Nokuti Jehovha akanga aona kuti vanhu vose muIsraeri vaita-
mbudzika zvakanyanya sei, vose nhapwa navakasununguka; pakanga
pasina angabatsira. 27 Uye sezvo Jehovha akanga asina kumboti aizodzima
zita raIsraeri kubva pasi pedenga, akavaponesa noruoko rwaJerobhoamu
mwanakomana waJehoashi.
28 Zvino zvimwe zvakaitwa pakutonga kwaJerobhoamu, nezvose
zvaakaita, nokukunda kwake pakurwa, pamwe nokuti akadzorera

* **14:13** 14:13 mamita angaita 180

sei Dhamasiko neHamati kuIsraeri, aimbova maguta eJudha, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eIsraeri?
29 Jerobhoamu akazorora namadzibaba ake, madzimambo eIsraeri. Zekaria mwanakomana wake akamutevera paumambo.

# 15

### *Azaria Mambo weJudha*

1 Mugore ramakumi maviri namanomwe raJerobhoamu mambo weIsraeri, Azaria mwanakomana waAmazia mambo weJudha akatanga kutonga.
2 Akanga ava namakore gumi namatanhatu paakava mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore makumi mashanu namaviri. Zita ramai vake rainzi Jekoria; vaibva muJerusarema.
3 Akaita zvakarurama pamberi paJehovha, sezvakanga zvaitwa nababa vake Amazia.
4 Kunyange zvakadaro, matunhu akakwirira haana kubviswa; vanhu vakaramba vachibayira zvibayiro nokupisa zvinonhuhwira ikoko.

5 Jehovha akarova mambo namaperembudzi kusvikira pazuva raakafa, uye aigara mumba yake oga. Jotamu mwanakomana wamambo ndiye akanga ari mutariri womuzinda uye aitonga vanhu venyika iyoyo.

6 Zvino zvimwe zvakaitika pakutonga kwaAzaria, nezvose zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eJudha.
7 Azaria akazorora namadzibaba ake akavigwa pedyo navo muGuta raDhavhidhi. Uye Jotamu mwanakomana wake akamutevera paumambo.

### *Zekaria Mambo weIsraeri*

8 Mugore ramakumi matatu namasere raAzaria mambo weJudha, Zekaria mwanakomana waJerobhoamu akava mambo weIsraeri muSamaria, uye akatonga kwemwedzi mitanhatu.
9 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakaitwa nababa vake. Haana kutendeuka kubva pazvivi zvaJerobhoamu mwanakomana waNebhati zvakaita kuti Israeri iite.
10 Sharumi mwanakomana waJabheshi akamukira Zekaria. Akamurwisa pamberi pavanhu, akamuuraya uye akamutevera paumambo.
11 Zvino zvimwe zvakaitika zvokutonga kwaZekaria zvakanyorwa mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eIsraeri.
12 Saka shoko raJehovha rakataurwa kuna Jehu richiti, "Vana vako vachagara pachigaro choushe chaIsraeri kusvikira kurudzi rwechina," rakazadziswa.

### *Sharumi Mambo weIsraeri*

13 Sharumi mwanakomana waJabheshi akava mambo mugore ramakumi matatu namapfumbamwe raUzia mambo weJudha, uye akatonga muSamaria kwomwedzi mumwe chete.
14 Ipapo Menahemi mwanakomana waGadhi akaenda kuSamaria achibva kuTiriza. Akarwisa Sharumi mwanakomana waJabheshi muSamaria, akamuuraya iye akamutevera paumambo.

15 Zvino zvimwe zvakaitika pakutonga kwaSharumi, nokumukira kwaakatungamirira, zvakanyorwa mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eIsraeri.

16 Panguva iyoyo Menahemi, akarwisa Tifisa navose vaiva muguta nenzvimbo dzaiva pedyo, achitanga kubva paTiriza, nokuti vakanga varamba kuzarura masuo avo. Akaparadza Tifisa uye akatumbura vakadzi vaiva nemimba.

### *Menahemi Mambo weIsraeri*

17 Mugore ramakumi matatu namapfumbamwe raAzaria mambo
weJudha, Menahemi mwanakomana waGadhi akava mambo weIsraeri,
uye akatonga muSamaria kwamakore gumi. 18 Akaita zvakaipa pamberi
paJehovha. Mumazuva ake ose okutonga haana kutendeuka kubva pazvivi
zvaJerobhoamu mwanakomana waNebhati, zvaakaita kuti Israeri iite.
19 Ipapo Puri mambo weAsiria akarwisa nyika, uye Menahemi akamupa
chiuru chamatarenda* esirivha, kuti awane rutsigiro agosimbisa umambo
hwake. 20 Menahemi akatora mari iyi somutero kubva kuIsraeri. Murume
wose aiva mupfumi aibvisa makumi mashanu amashekeri† esirivha kuti
apiwe kuna mambo weAsiria. Saka mambo weAsiria akadzokera uye
akasagarazve munyika.
21 Zvino zvimwe zvakaitika pakutonga kwaMenahemi, nezvose
zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzi-
mambo eIsraeri? 22 Menahemi akazorora namadzibaba ake. Uye Pekahia
mwanakomana wake akamutevera paumambo.

### *Pekahia Mambo weIsraeri*

23 Mugore ramakumi mashanu raAhazia mambo weJudha, Pekahia
mwanakomana waMenahemi akava mambo weIsraeri muSamaria, aka-
tonga kwamakore maviri. 24 Pekahia akaita zvakaipa pamberi paJehovha.
Haana kutendeuka kubva pazvivi zvaJerobhoamu mwanakomana waNeb-
hati, zvaakaita kuti Israeri iite. 25 Mumwe wamakurukota ake, ainzi Peka
mwanakomana waRemaria, akamumukira. Akatora varume makumi
mashanu veGireadhi, akauraya Pekahia pamwe chete naArigobhi naArie,
munhare yomuzinda wamambo weSamaria. Saka Peka akauraya Pekahia
uye akamutevera paumambo.
26 Zvimwe zvakaitika pakutonga kwaPekahia, nezvose zvaakaita
zvakanyorwa mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eIsraeri.

### *Peka Mambo weIsraeri*

27 Mugore ramakumi mashanu namaviri raAzaria mambo weJudha,
Peka, mwanakomana waRemaria, akava mambo weIsraeri muSamaria,
uye akatonga kwamakore makumi maviri. 28 Akaita zvakaipa pamberi
paJehovha. Haana kutendeuka kubva pazvivi zvaJerobhoamu mwanako-
mana waNebhati zvaakaita kuti Israeri iite.
29 Munguva yaPeka mambo weIsraeri, Tigirati-Pireseri mambo weAsiria
akauya akatora Ijoni, Abheri Bheti Maaka, Janoa, Kedheshi neHazori.
Akatora Gireadhi neGarirea pamwe chete nenyika dzose dzeNafutari uye
akatakura vanhu akaenda navo kuAsiria senhapwa. 30 Ipapo Hoshea
mwanakomana waEra akamukira Peka, mwanakomana waRemario. Aka-
murwisa akamuuraya ndokubva amutorera umambo mugore ramakumi
maviri raJotamu mwanakomana waUzia.
31 Zvimwe zvakaitika pakutonga kwaPeka, nezvaakaita iye, hazvina
kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eIsraeri?

### *Jotamu Mambo weJudha*

32 Mugore rechipiri raPeka mwanakomana waRemaria mambo weIs-
raeri, Jotamu mwanakomana waUzia mambo weJudha akatanga kutonga.
33 Akanga ava namakore makumi maviri namashanu paakava mambo,
uye akatonga muJerusarema kwamakore gumi namatanhatu. Zita ramai
vake rainzi Jerusha, mwanasikana waZadhoki. 34 Akaita zvakarurama
pamberi paJehovha, sezvakanga zvaitwa nababa vake Uzia. 35 Kunyange

* **15:19** 15:19 matani angaita 34 † **15:20** 15:20 0.6 yekirogiramu

zvakadaro, matunhu akakwirira haana kubviswa, vanhu vakaramba
vachibayira zvibayiro uye vachipisa zvinonhuhwira ikoko. Jotamu
akavakazve Suo Rokumusoro retemberi yaJehovha.

36 Zvino zvimwe zvakaitika pakutonga kwaJotamu, nezvaakaita, hazv-
ina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eJudha?
37 (Mumazuva iwayo Jehovha akatanga kutuma Rezini mambo weAramu
naPeka mwanakomana waRemaria kundorwisa Judha.) 38 Jotamu aka-
zorora namadzibaba ake uye akavigwa pamwe chete navo muGuta raD-
havhidhi, guta rababa vake. Ahazia mwanakomana wake akamutevera
paumambo.

# 16

*Ahazi Mambo weJudha*

1 Mugore regumi namanomwe raPeka mwanakomana waRemaria,
Ahazi mwanakomana waJotamu mambo weJudha akatanga kutonga
uye akatonga muJerusarema kwamakore gumi namatanhatu. 2 Ahazi
akanga ava namakore makumi maviri paakava mambo. Haana kuita
zvakarurama pamberi paJehovha Mwari wake, sababa vake Dhavhidhi.
3 Akafamba munzira dzamadzimambo eIsraeri, akasvika pakubayira
vanakomana vake mumoto achitevera zvainyangadza zvedzimwe ndudzi
dzakanga dzadzingwa naJehovha pamberi pavaIsraeri. 4 Akabayira
zvibayiro uye akapisa zvinonhuhwira pamatunhu akakwirira, pamusoro
pezvikomo napasi pemiti yose yakapfumvutira.

5 Ipapo Rezini mambo weAramu naPeka mwanakomana waRemaria
mambo weIsraeri vakauya kuzorwa neJerusarema vakakomba Ahazi, asi
havana kugona kumukunda. 6 Panguva iyoyo, Rezini mambo weAramu
akadzorera Erati kuna Aramu nokudzinga varume veJudha. VaEdhomu
vakapinda muErati uye ndimo mavanogara kusvikira nhasi.

7 Ahazi akatuma nhume kuna Tigirati-Pireseri mambo weAsiria akati,
"Ndiri muranda wenyu nomwanakomana wenyu. Uyai kuno mundin-
unure kubva muruoko rwamambo weAramu norwamambo weIsraeri vari
kundirwisa." 8 Ahazi akatora sirivha negoridhe zvakanga zvawanikwa
mutemberi yaJehovha nomumatura omuzinda wamambo akazvitumira
sechipo kuna mambo weAsiria. 9 Mambo weAsiria akamunzwa ndokubva
andorwisa Dhamasiko akarikunda. Akaendesa vanhu varo kuKiri uye
akauraya Rezini.

10 Ipapo Mambo Ahazi akaenda kuDhamasiko kundosangana naTigirati-
Pireseri mambo weAsiria. Akaona aritari muDhamasiko ndokubva
atumira mufananidzo wearitari kuna Uria muprista, nerondedzero ya-
mavakirwo ayo. 11 Saka muprista Uria akavaka aritari maererano
namavakirwo ose akanga atumwa naMambo Ahazi kubva kuDhamasiko,
akaipedza Mambo Ahazi asati adzokako. 12 Mambo akati adzoka kubva
kuDhamasiko akaona aritari akasvika pairi akapa zvipiriso pairi. 13 Akapa
chipiriso chinopiswa, rechipiriso chezviyo, akadururapo chipiriso chake
chokunwa uye akasasa ropa nezvipiriso zvokuwadzana pamusoro pear-
itari. 14 Aritari yendarira yakanga yakamiswa pamberi paJehovha,
akaibvisa kumberi kwetemberi kuti abve pakati pearitari itsva netemberi
yaJehovha, uye akaiisa kudivi rokumusoro kwearitari itsva.

15 Ipapo Mambo Ahazi akarayira muprista Uria mirayiro iyi akati,
"Pamusoro pearitari huru, upe chipiriso chinopiswa chamangwanani, uye
manheru chipiriso chezviyo, chipiriso chinopiswa chamambo nechipiriso

chake chezviyo, uye chipiriso chinopiswa chavanhu vose venyika,
nechipiriso chavo chezviyo, nezvipiriso zvavo zvokunwa. Usase paaritari,
ropa rose rezvipiriso zvinopiswa nezvibayiro. Asi ndichashandisa aritari
yendarira pakutsvaka kutungamirirwa." 16 Naizvozvo muprista Uria
akaita sezvaakanga arayirwa naMambo Ahazi.

17 Ipapo mambo Ahazi akabvisa mapuranga omumativi uye akabvi-
sawo madhishi pazvigadziko zvinofambiswa. Akabvisa Gungwa kubva
panzombe dzendarira dzairitsigira akarigadzika pahwaro hwedombo.
18 Akabvisa denga reSabata rakanga rambovakwa patemberi uye akab-
visa suo ramambo kunze kwetemberi yaJehovha, kuti akudze mambo
weAsiria.
19 Zvino zvimwe zvakaitika pakutonga kwaAhazi, uye zvaakaita iye,
hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eJudha?
20 Ahazi akazorora namadzibaba ake akavigwa pamwe chete navo muGuta
raDhavhidhi. Hezekia mwanakomana wake akamutevera paumambo.

# 17

### *Hoshea Mambo weIsraeri wokupedzisira*

1 Mugore regumi namaviri raAhazi mambo weJudha, Hoshea mwanako-
mana waEra akava mambo weIsraeri muSamaria, uye akatonga kwa-
makore mapfumbamwe. 2 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, asi haana
kuita samadzimambo eIsraeri akamutangira.
3 Sharimaneseri mambo weAsiria akauya kuzorwisa Hoshea, iye akava
muranda wake akaripa mutero kwaari. 4 Asi mambo weAsiria akazoziva
kuti Hoshea yaiva mhandu, nokuti akanga atuma nhume kuna So, mambo
weIjipiti, uye akarega kuripa mutero kuna mambo weAsiria, sezvaaisiita
gore negore. Naizvozvo Sharimaneseri akamubata akamuisa mutorongo.
5 Mambo weAsiria akarwisa nyika yose, akafamba akananga kuSamaria
akarikomba kwamakore matatu. 6 Mugore repfumbamwe raHoshea,
mambo weAsiria akakunda Samaria akaendesa vaIsraeri kuAsiria. Akava-
garisa muHara, nomuGozani, pedyo noRwizi rweHazori uye nomumaguta
avaMedhia.

### *VaIsraeri vanotapwa nokuda kwechivi*

7 Izvi zvose zvakaitika nokuda kwokuti vaIsraeri vakanga vatadzira
Jehovha Mwari wavo, akanga avabudisa kubva muIjipiti pasi poruoko
rwaFaro mambo weIjipiti. Vakanamata vamwe vamwari 8 uye vakat-
evera tsika dzedzimwe ndudzi dzakanga dzadzingwa pamberi pavo
naJehovha, pamwe chete netsika dzakanga dzatangiswa namadzimambo
eIsraeri. 9 VaIsraeri vakaita zvinhu zvakanga zvisina kururama kuna
Jehovha Mwari wavo muchivande. Vakazvivakira matunhu akakwirira
mumaguta avo ose, kubva pachirindo chavarindi kusvikira kuguta
rakakomberedzwa. 10 Vakazvimisira matombo namatanda okunamata
pamusoro pezvikomo zvose zvakakwirira napasi pemiti yose yakap-
fumvutira. 11 Vakapisa zvinonhuhwira panzvimbo dzose dzakakwirira,
sezvakanga zvichiitwa nendudzi dzakadzingwa pamberi pavo naJehovha.
Vakaita zvinhu zvakaipa zvikatsamwisa Jehovha. 12 Vakanamata zvi-
fananidzo, kunyange Jehovha akanga ati, "Musaita izvi." 13 Jehovha
akayambira Israeri neJudha kubudikidza navaprofita vake vose navaoni
akati, "Ibvai panzira dzenyu dzakaipa. Cherechedzai mirayiro nemitemo
yangu maererano noMurayiro wose wandakarayira madzibaba enyu kuti

vauteerere uye uyo wandakapa kwamuri kubudikidza navaranda vangu
vaprofita."

14 Asi havana kuda kuteerera uye vakava nemitsipa mikukutu sez-
vakanga zvakaita madzibaba avo, avo vasina kuvimba naJehovha Mwari
wavo. 15 Vakaramba mitemo yake nesungano yaakanga aita namadzibaba
avo uyewo neyambiro dzaakanga avapa. Vakatevera zvifananidzo zvisina
maturo ivo pachavo vakava vasina maturo. Vakatevedzera ndudzi
dzakanga dzakavakomberedza kunyange Jehovha akanga avarayira akati,
"Musaita sezvavanoita," asi vakaita zvinhu zvavakarambidzwa naJe-
hovha.

16 Vakasiya mirayiro yose yaJehovha Mwari wavo vakazviitira zv-
ifananidzo zviviri zvakaumbwa zvemhuru, uye nedanda reAshera.
Vakanamata nyeredzi dzose dzokudenga, uye vakanamata Bhaari.
17 Vakabayira vanakomana vavo navanasikana vavo mumoto. Vakaita
zvokuvuka nouroyi vakazvitengesa kuti vaite zvakaipa pamberi paJe-
hovha, vakamutsamwisa nazvo.

18 Naizvozvo Jehovha akatsamwira Israeri zvikuru akavabvisa pamberi
pake. Rudzi rwaJudha chete ndirwo rwakasara, 19 uye kunyange vaJud-
hawo havana kuchengeta mirayiro yaJehovha Mwari wavo. Vakatevera
tsika dzakanga dzatangwa neIsraeri. 20 Naizvozvo Jehovha akaramba
vanhu vose veIsraeri; akavatambudza akavapa mumaoko avaparadzi,
kusvikira avabvisa pamberi pake.

21 Akati abvarura Israeri kubva muimba yaDhavhidhi, vakaita Jerob-
hoamu mwanakomana waNebhati mambo wavo. Jerobhoamu akatsausa
Israeri pakutevera Jehovha akavaita kuti vaite chivi chikuru. 22 VaIsraeri
vakaramba vari muzvivi zvose zvaJerobhoamu uye havana kutendeuka
kubva pazviri 23 kusvikira Jehovha avabvisa pamberi pake, sezvaakanga
avayambira kubudikidza navaranda vake vose vaprofita. Saka vanhu veIs-
raeri vakatapwa kubva kunyika yavo vakaendeswa kuusungwa muAsiria,
uye vachiriko nanhasi.

### *Samaria inogarwazve*

24 Mambo weAsiria akauya navanhu kubva kuBhabhironi, nokuKuta,
neAvha, neHamati neSefarivhaimu ndokuvagarisa mumaguta eSamaria
pachinzvimbo chavaIsraeri. Vakatora Samaria vakagara mumaguta ayo.
25 Pavakatanga kugarako, vakanga vasinganamati Jehovha; naizvozvo
akatuma shumba pakati pavo dzikauraya vamwe vavo. 26 Vakazivisa
mambo weAsiria kuti: "Vanhu vamabvisa mukavagarisa mumaguta
eSamaria havazivi zvinodikanwa naMwari wenyika iyoyo. Akatuma
shumba pakati pavo, dziri kuvauraya, nokuti vanhu havazivi zvaanoda."

27 Ipapo mambo weAsiria akarayira akati, "Itai kuti mumwe wavaprista
vamakatapa kubva kuSamaria adzokere kunogarako agodzidzisa vanhu
kuti mwari wenyika iyi anodei." 28 Saka mumwe wavaprista vakanga
vatapwa kubva kuSamaria akauya kuzogara muBheteri akavadzidzisa
kunamata Jehovha.

29 Kunyange zvakadaro, rudzi rumwe norumwe rwakazviitira vamwari
varwo mumaguta mazhinji mavaigara, vakavamisa mumatumba oku-
namatira akanga aitwa navanhu veSamaria mumatunhu akakwirira.
30 Varume vaibva kuBhabhironi vakavaka Sukoti-Bhenoti, vanhu vaibva
kuKuta vakavaka Nerigari, vanhu vaibva kuHamati vakavaka Ashima;
31 vaAvhi vakavaka Nibhazi Taritaki, uye vaSefavhi vakapisa vana vavo

mumoto sezvibayiro kuna Adhiramereki naAnamereki vamwari veSe-
farivhaimi. 32 Vakanamata Jehovha, asi vakagadzawo mhando dzose
dzavanhu vavo kuti vavashandire savaprista mumatumba panzvimbo
dzakakwirira. 33 Vakanamata Jehovha, asi vakashumirawo vamwari vavo
maererano netsika dzendudzi idzo dzavakanga vabviswa kwadziri.

34 Kusvikira nhasi vari kurambira mutsika dzavo dzekare. Havanamati
Jehovha kana kuteerera mitemo nezvakatemwa, nemirayiro nemirau
yakapiwa naJehovha kuvana vaJakobho, uyo waakatumidza kuti Israeri.
35 Jehovha akati aita sungano navaIsraeri, akavarayira akati, "Musana-
mata kana vamwari vapi zvavo kana kuvapfugamira, kana kuvashu-
mira kana kubayira kwavari. 36 Asi Jehovha uyo akakubudisai kubva
munyika yeIjipiti nesimba guru uye noruoko rwakatambanudzwa, ndiye
oga wamunofanira kunamata. Ndiye wamunofanira kupfugamira uye
ndiye wamunofanira kupa zvibayiro. 37 Munofanira kugara makachen-
jerera kuchengeta mitemo yake nezvaakatonga, nemirayiro, nemirau
yaakakunyorerai. Musanamata vamwe vamwari. 38 Musakanganwa
sungano yandakaita nemi, uye musanamata vamwe vamwari. 39 Asi
munofanira kunamata Jehovha Mwari wenyu; ndiye achakusunungurai
kubva mumaoko avavengi venyu vose."

40 Kunyange zvakadaro, havana kuda kunzwa asi vakarambira mutsika
dzavo dzakare. 41 Kunyange vanhu ava vainamata Jehovha, vaingoshu-
mira vamwari vavo. Nanhasi vana vavo navazukuru vavo vanoramba
vachiita zvimwe chetezvo zvaiitwa namadzibaba avo.

# 18

*Hezekia Mambo weJudha*

1 Mugore rechitatu raHoshea mwanakomana waEra Mambo weIsraeri,
Hezekia mwanakomana waAhazi mambo weJudha akatanga kutonga.
2 Akanga ava namakore makumi maviri namashanu paakava mambo, uye
akatonga muJerusarema kwamakore makumi maviri namapfumbamwe.
Zita ramai vake rainzi Abhiya mwanasikana waZekaria. 3 Akaita
zvakanaka pamberi paJehovha, sezvakanga zvaita baba vake Dhavhidhi.
4 Akabvisa matunhu akakwirira, akaputsa matombo okunamata, uye
akatema matanda aAshera. Akaputsa nyoka yendarira yakanga yaitwa
naMozisi, nokuti kusvikira panguva iyoyo vaIsraeri vakanga vachipisira
zvinonhuhwira kwairi. (Yakanga ichinzi Nehushitani.)

5 Hezekia akanga achivimba naJehovha, Mwari waIsraeri. Kwakanga
kusina akafanana naye pakati pamadzimambo ose eJudha, vakamutangira
kana vakamutevera. 6 Akanamatira kuna Jehovha uye haana kurega
kumutevera; akachengeta mirayiro yakapiwa Mozisi naJehovha. 7 Uye
Jehovha aiva naye; akabudirira pane zvose zvaakaita. Akamukira
mambo weAsiria akasazomushandira. 8 Akakunda vaFiristia, kubva
pachirindo chavarindi kusvikira kuguta rakakomberedzwa, zvichienda
kuGaza nenyika yayo.

9 Mugore rechina ramambo Hezekia, iro raiva gore rechinomwe ra-
Hoshea mwanakomana waEra mambo weIsraeri, Sharimaneseri mambo
weAsiria akaenda kundorwa neSamaria akarikunda. 10 Pakupera kwa-
makore matatu vaAsiria vakaritora. Saka Samaria yakatorwa mugore
rechitanhatu raMambo Hezekia, iro rakanga riri gore rechipfumbamwe
raHoshea mambo weIsraeri. 11 Mambo weAsiria akavatapa akavaen-
desa kuAsiria akandovagarisa muHara, muGozani paRwizi rweHabhori

nomumaguta avaMedhesi. 12 Izvi zvakaitika nokuti vakanga vasina
kuteerera Jehovha Mwari wavo, asi vakanga vadarika sungano yake
nezvose zvakanga zvarayirwa naMozisi muranda waJehovha. Vakaramba
kunzwa mirayiro kana kuiita.

13 Mugore regumi namana rokutonga kwamambo Hezekia, Senakeribhi
mambo weAsiria akarwisa maguta ose eJudha akakomberedzwa na-
masvingo akaatora. 14 Saka Hezekia mambo weJudha akatuma shoko
kuna mambo weAsiria paRakishi achiti, "Ndakakanganisa hangu. Ibvai
henyu kwandiri, uye ndicharipa zvose zvamuchareva kwandiri." Mambo
weAsiria akaripisa Hezekia mambo weJudha mutero wamazana matatu
amatarenda* esirivha namatarenda egoridhe makumi matatu†. 15 Saka
Hezekia akamupa sirivha yose yakawanikwa mutemberi yaJehovha no-
mumatura omumuzinda wamambo.

16 Panguva iyoyo Hezekia mambo weJudha akabvisa goridhe raakanga
afukidza naro makonhi nembiru dzamakonhi etemberi yaJehovha,
akazvipa kuna mambo weAsiria.

### *Senakeribhi anovhundutsira Jerusarema*

17 Mambo weAsiria akatuma mukuru wehondo, nomukuru wavabati
uye nomukuru wavatariri, nehondo huru, kubva kuRakishi kuti vaende
kuna mambo Hezekia kuJerusarema. Vakakwira kuJerusarema vakamira
pamugero weDziva roKumusoro, mumugwagwa unoenda kuMunda
woMusuki. 18 Vakadana mambo; uye Eriakimi mwanakomana waHirikia
mutariri womuzinda wamambo, naShebhina munyori, naJoa mwanako-
mana waAsafi munyori wenhoroondo vakabuda vakaenda kwavari.

19 Mukuru wavatariri akati kwavari, "Udzai Hezekia kuti:

" 'Zvanzi namambo mukuru, mambo weAsiria: Chaunovimba nacho
chii? 20 Unoti unogona kuronga uye une simba rokurwa, asi uri
kungotaura mashoko asingazari mukombe. Uri kuvimba naaniko, kuti
undimukire? 21 Tarira zvino, wakasendamira paIjipiti, uya mudonzvo
werutsanga rwakatsemuka runobaya ruoko rwomunhu ruchimupa
ronda kana asendamira parwuri! Ndizvo zvakaita Faro mambo weIjipiti
kuna vose vanosendamira paari. 22 Asi kana ukati kwandiri, "Tinovimba
naJehovha Mwari wedu," ko, haazi iye ane matunhu akakwirira
nearitari dzakabviswa naHezekia, achiti kuJudha neJerusarema, "Muno-
fanira kunamata pamberi pearitari iyi muJerusarema here?"

23 " 'Chiuya zvino, uite chitsidzo natenzi wangu, mambo weAsiria.
Ndichakupa zviuru zviviri zvamabhiza, kana uchigona kuisa vatasvi
pamusoro pawo! 24 Ungagona seiko kukunda mumwe wamachinda
madiki atenzi wangu kunyange dai uchivimba neIjipiti kuti uchapiwa
ngoro navatasvi vamabhiza? 25 Pamusoro pezvo, handina kuuya
kuzorwa nokuparadza nzvimbo ino ndisina shoko rinobva kuna Jehovha
here? Jehovha pachake akandiudza kuti ndiuye kuzorwisa nyika uye
ndiiparadze.' "

26 Ipapo Eriakimu mwanakomana waHirikia, naShebhina naJoa vakati
kumukuru wavatariri, "Tapota, taurai kuvaranda venyu norurimi
rwechiAramu sezvo tichirunzwa. Musataura nesu nechiHebheru vanhu
vari parusvingo vachizvinzwa."

27 Asi mukuru wehondo akapindura akati, "Ko, ndakatumwa natenzi
wangu kuna tenzi wako nokwauri chete here kuti nditaure mashoko

---

* **18:14** 18:14 matani angaita 10 † **18:14** 18:14 tani

aya ndisingatauri kuvarume vagere parusvingo, ivo pamwe chete newe
vanofanira kudya tsvina yavo nokunwa mvura yemiviri yavo?”

28 Ipapo mukuru wehondo akasimuka akadanidzira norurimi rwechi-
Hebheru achiti, “Inzwai shoko ramambo mukuru, mambo weAsiria!
29 Zvanzi namambo: Musarega Hezekia achikunyengerai. Haagoni
kukudzikinurai kubva muruoko rwangu 30 Musarega Hezekia achikuku-
rudzirai kuti muvimbe naJehovha paanoti, ‘Zvirokwazvo Jehovha achatir-
wira; guta rino harizopiwi muruoko rwamambo weAsiria.’

31 “Musateerera Hezekia. Zvanzi namambo weAsiria: Itai rugare neni
mugouya kuno kwandiri. Ipapo mumwe nomumwe wenyu achadya
zvinobva pamuzambiringa wake napamuonde wake, uye achanwa mvura
inobva muchirongo chake, 32 kusvikira ndauya ndikakutorai ndigokuisai
kunyika yakafanana neyenyu, nyika ine zvokudya newaini itsva, nyika
yechingwa neminda yemizambiringa, nyika yemiti yemiorivhi nouchi.
Sarudzai upenyu kwete rufu!

“Musateerera Hezekia, nokuti anokutsausai kana akati, ‘Jehovha
achatirwira.’ 33 Pana mwari wenyika ipi zvayo akamborwira nyika
yake kubva muruoko rwamambo weAsiria? 34 Vamwari veHamati
neveAripadhi varipi? Vamwari veSefarivhaimi, neHena neIvha varipi?
Vakanunura Samaria muruoko rwangu here? 35 Ndiani wavamwari
vose venyika idzi akagona kuponesa nyika yake kubva kwandiri? Zvino
Jehovha achanunura Jerusarema sei kubva muruoko rwangu?”

36 Asi vanhu vakaramba vakanyarara vakasataura chinhu, nokuti
mambo akanga arayira akati, “Musamupindura.”

37 Ipapo Eriakimi mwanakomana waHirikia mutariri womuzinda wa-
mambo, naShebhina munyori naJoa mwanakomana waAsafi munyori
wenhoroondo vakaenda kuna Hezekia, nenguo dzavo dzakabvaruka,
vakamuudza zvakanga zvataurwa nomukuru wavarwi.

# 19

### *Kununurwa kweJerusarema kunoziviswa*

1 Mambo Hezekia akati achizvinzwa, akabvarura nguo dzake akafuka
masaga akapinda mutemberi yaJehovha. 2 Akatuma Eriakimi mutariri
womuzinda wamambo, naShebhina munyori navatungamiri vavaprista,
vose vakapfeka masaga, kumuprofita Isaya mwanakomana waAmozi.
3 Vakati kwaari, “Zvanzi naHezekia: Nhasi izuva rokutambudzika,
nerokutukwa, nokunyadziswa, sezvinoita vana vasvika pakuzvarwa
ipo pasina simba rokusununguka. 4 Zvimwe Jehovha Mwari wenyu
achanzwa mashoko ose omukuru wavarwi, akatumwa natenzi wake,
mambo weAsiria, kuzozvidza Mwari mupenyu, uye kuti azomutuka
nokuda kwamashoko akanzwikwa naJehovha Mwari wenyu. Naizvozvo
unyengeterere vakasara avo vachiri vapenyu.”

5 Vabati vaHezekia vakati vasvika kuna Isaya, 6 Isaya akati kwavari,
“Udzai tenzi wenyu kuti, ‘Zvanzi naJehovha: Usatya mashoko awakanzwa,
mashoko andakamhurwa nawo navaranda vamambo weAsiria. 7 Tarira,
ndichaisa mweya maari wokuti paanonzwa mamwe mashoko, achadzok-
era kunyika yake, uye ndichaita kuti aurayiwe nomunondo ikoko.’ ”

8 Mukuru wavatariri paakanzwa kuti mambo weAsiria akanga abva
kuRakishi, akadzoka akabva akaenda akandowana mambo achirwa
neRibhina.

[9] Zvino Senakeribhi akagamuchira chiziviso chaiti Tirihaka, mambo
weEtiopia akanga achifamba achiuya kuzorwa naye. Saka akatumazve
nhume kuna Hezekia neshoko iri rokuti: [10] "Muti kuna Hezekia mambo
weJudha: Musarega Mwari wamunovimba naye achikunyengedzai paan-
oti, 'Jerusarema harizopiwa mumaoko amambo weAsiria.' [11] Zvirokwazvo
makanzwa zvakaitwa namadzimambo eAsiria kunyika dzose, vachidzi-
paradza zvachose. Zvino imi mucharwirwa here? [12] Ko, vamwari
vedzimwe ndudzi dzakaparadzwa namadzitateguru angu: vamwari veG-
ozani, neHarani, neRezefi navanhu veEdheni vakanga vari muTeri Asari,
vakavarwira here? [13] Ko, mambo weHamati aripi, namambo weAripadhi,
namambo weguta reSefarivhaimi, weHena kana neIvha?"

*Munyengetero waHezekia*

[14] Hezekia akagamuchira tsamba kubva kunhume uye akaiverenga.
Ipapo akaenda kutemberi yaJehovha akaipetenura pamberi paJehovha.
[15] Uye Hezekia akanyengetera kuna Jehovha achiti, "Haiwa Jehovha,
Mwari waIsraeri, imi mugere pakati pamakerubhi, imi moga ndimi Mwari
pamusoro poushe hwose hwapasi. [16] Rerekerai nzeve, imi Jehovha,
munzwe; svinudzai meso enyu, imi Jehovha, muone; inzwai mashoko
Senakeribhi aakatuma kuti azozvidza nawo Mwari mupenyu.
[17] "Haiwa Jehovha, ichokwadi kuti madzimambo eAsiria akaparadza
chose ndudzi idzi nenyika dzavo. [18] Vakakanda vamwari vavo mumoto
vakavaparadza, nokuti vakanga vasiri vamwari asi matanda chete nam-
atombo, akaumbwa namaoko avanhu. [19] Haiwa Jehovha Mwari wedu,
zvino chitirwirai kubva muruoko rwake, kuitira kuti umambo hwose
hwapanyika huzive kuti imi moga, ndimi Mwari."

*Isaya anoprofita pamusoro pokuwa kwaSenakeribhi*

[20] Ipapo Isaya mwanakomana waAmozi akatuma shoko kuna Hezekia
akati, "Zvanzi naJehovha: Mwari waIsraeri: Ndanzwa munyengetero
wako pamusoro paSenakeribhi mambo weAsiria. [21] Iri ndiro shoko
rakataurwa naJehovha pamusoro pake:

" 'Mhandara Mwanasikana weZioni
anokushora uye anokuseka.
Mwanasikana weJerusarema
anogutsurira musoro uchitiza.
[22] Ndianiko wawakazvidza uye ukamhura?
Wakasimudzira inzwi rako kuna aniko
uye ukasimudza meso ako mukuzvikudza?
Ndiye Mutsvene waIsraeri!
[23] Nenhume dzako
wakaunganidza zvituko kuna Jehovha.
Uye wakati,
"Nengoro dzangu zhinji
ndakakwira makomo marefu,
nzvimbo refu refu dzeRebhanoni.
Ndakatemera pasi misidhari yayo yakareba,
nemipaini yayo yakaisvonaka.
Ndakasvika kumasango ayo kure kure,
masango ayo akanakisisa.
[24] Ndakachera matsime munyika yavatorwa,
uye ndikanwa mvura ikoko.
Netsoka dzangu ndakaomesa

hova dzose dzeIjipiti."

25 " 'Hauna kunzwa here?
Ndakazviita kare kare.
Mumazuva akare ndakazvironga;
zvino ndaita kuti zviitike,
kuti wakashandura maguta
akakomberedzwa akava murwi wamatombo.
26 Vanhu vawo, vakapedzwa simba,
vakavhundutswa uye vakanyadziswa.
Vakafanana nembesa dziri muminda,
samabukira omuriwo mutete akasvibira,
souswa huri pamusoro pemba,
hwakatsva husati hwakura.

27 " 'Asi ndinoziva paunogara,
uye kwaunobva nokwaunoenda,
uye kuti wakanditsamwira sei.
28 Nokuti wakanditsamwira
uye kuzvikudza kwako kwasvika munzeve dzangu,
ndichaisa chiredzo changu mumhino dzako,
nematomhu angu mumuromo mako,
uye ndichakuita kuti udzokere
nenzira yawakauya nayo.'

29 "Ichi ndicho chichava chiratidzo chako, iwe Hezekia:
"Gore rino uchadya zvinongomera zvoga,
uye mugore rechipiri zvinobva muna izvozvo.
Asi mugore rechitatu mudyare mugokohwa,
mudyare mizambiringa uye mugodya michero yawo.
30 Uyezve vakasara veimba yaJudha
vachadzika midzi pasi vagobereka michero pamusoro.
31 Nokuti muJerusarema muchabuda vakasara,
uye muGomo reZioni muchabuda chikwata chavachapunyuka.
Kushingaira kwaJehovha Wamasimba Ose kuchazviita.

32 "Naizvozvo, zvanzi naJehovha pamusoro pamambo weAsiria:
" 'Haazopindi muguta iri
kana kupfura museve pano.
Haangauyi mberi kwaro nenhoo,
kana kurikomberedza negomo revhu;
33 Nenzira yaakauya nayo achadzokera, haazopindi muguta rino,
ndizvo zvinotaura Jehovha.
34 Ndichadzivirira guta rino uye ndichariponesa,
nokuda kwangu uye nokuda kwaDhavhidhi muranda wangu.' "

35 Usiku ihwohwo mutumwa waJehovha akaenda akauraya varume
zviuru zana namakumi masere nezvishanu mumusasa wavaAsiria. Vanhu
pavakati vachimuka mangwana acho, wanei heyo mitumbi yavakafa!
36 Saka Senakeribhi mambo weAsiria akaparadza musasa akadzokera
kuNinevhe akandogarako.

37 Rimwe zuva, paakanga achinamata mutemberi yamwari wake
Nisiroki, vanakomana vake, Adhiramereki naSharezeri vakamuuraya
nomunondo, vakatizira kunyika yeArarati. Esarihadhoni mwanakomana
wake akamutevera paumambo.

# 20

*Kurwara kwaHezekia*

1 Mumazuva iwayo Hezekia akarwara zvokuda kufa. Muprofita Isaya
mwanakomana waAmozi akaenda kwaari akati, "Zvanzi naJehovha:
Gadzira imba yako, nokuti uchafa, hausi kuzorarama."

2 Hezekia akatendeukira kumadziro uye akanyengetera kuna Jehovha
akati, 3 "Haiwa Jehovha, rangarirai kuti ndakafamba sei pamberi penyu
nokutendeka uye nomwoyo wose uye ndikaita zvakanaka pamberi
penyu." Hezekia akachema zvikuru.

4 Isaya asati abva paruvanze rwapakati, shoko raJehovha rakauya
kwaari richiti, 5 "Dzokera undoudza Hezekia, mutungamiri wavanhu
vangu kuti, 'Zvanzi naJehovha, Mwari wababa vako Dhavhidhi: Ndanzwa
munyengetero wako uye ndaona misodzi yako; ndichakuporesa. Nezuva
retatu kubva zvino uchakwira kutemberi yaJehovha. 6 Ndichawedzera
paupenyu hwako makore gumi namashanu. Uye ndichakurwira iwe
neguta rino. Ndicharwira guta iri kubva muruoko rwamambo weAsiria
nokuda kwangu uye nokuda kwomuranda wangu Dhavhidhi.' "

7 Ipapo Isaya akati, "Gadzirai bundu ramaonde." Vakaita saizvozvo
vakariisa pamota, uye akapora.

8 Hezekia akanga abvunza Isaya achiti, "Chiratidzo chichava chei
chokuti Jehovha achandiporesa uye kuti ndichakwira kutemberi yaJe-
hovha pazuva retatu kubva zvino here?"

9 Isaya akapindura akati, "Ichi ndicho chiratidzo chaJehovha kwauri kuti
Jehovha achaita zvaavimbisa: Ko, ungada kuti mumvuri uende nhambwe
gumi mberi here kana kudzoka mushure nhambwe gumi?"

10 Hezekia akati, "Zvakareruka kuti mumvuri uende mberi nhambwe
gumi. Saka ngaudzoke nhambwe gumi mushure."

11 Ipapo muprofita Isaya akadana kuna Jehovha, Jehovha akadzorera
mumvuri shure nhambwe gumi pamanera aAhazi.

*Nhume dzakabva kuBhabhironi*

12 Panguva iyo yaMerodhaki-Bharadhani, mwanakomana waBharad-
hani mambo weBhabhironi, akatumira tsamba nechipo kuna Hezekia,
nokuti akanga anzwa nezvokurwara kwaHezekia. 13 Hezekia ak-
agamuchira nhume akadziratidza zvose zvakanga zviri mumatura
ake, sirivha negoridhe, nezvinonhuhwira, namafuta anokosha, nedura
rezvombo nezvose zvaiwanikwa pakati pepfuma yake. Hezekia haana
chaasina kuvaratidza mumuzinda make kana muushe hwake hwose.
14 Ipapo muprofita Isaya akaenda kuna Mambo Hezekia akamubvunza
akati, "Zvanzi kudini navarume avo, uye vabvepi?"
Hezekia akapindura akati, "Vabva kunyika iri kure. Vabva kuBhabhi-
roni."
15 Muprofita akamubvunza akati, "Chii chavaona mumuzinda mako?"
Hezekia akapindura akati, "Vaona zvose zviri mumuzinda mangu.
Hapana chinhu chiri pakati pepfuma yangu chandisina kuvaratidza."

16 Ipapo Isaya akati kuna Hezekia, "Chinzwa shoko raJehovha:
17 Zvirokwazvo nguva ichasvika yokuti zvose zviri mumuzinda mako,
nezvose zvakaunganidzwa nababa vako kusvikira pazuva ranhasi,
zvichatakurwa zvichiendeswa kuBhabhironi. Hapana chichasara, ndizvo
zvinotaura Jehovha. 18 Uye vamwe vavanakomana vako, venyama
yako chaivo neropa rako, vauchabereka, vachatorwa kubva kwauri, uye
vachava varanda mumuzinda wamambo weBhabhironi."

19 Hezekia akapindura akati, "Shoko raJehovha rawataura rakanaka."
Nokuti akafungawo akati, "Hakuchavi here norugare nokudzivirirwa
munguva youpenyu hwangu?" 20 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva
yokutonga kwaHezekia, nezvose zvaakaita uye namavakiro aakaita dziva
nomugero waakauyisa nawo mvura muguta, hazvina kunyorwa here
mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eJudha? 21 Hezekia akazorora
namadzibaba ake. Manase mwanakomana wake akamutevera paumambo.

# 21

*Manase Mambo weJudha*

1 Manase akanga ava namakore gumi namaviri paakava mambo, uye
akatonga muJerusarema kwamakore makumi mashanu namashanu. Zita
ramai vake rainzi Hefizibha. 2 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha,
achitevera zvinonyangadza zvendudzi dzakadzingwa pamberi pavaIsraeri
naJehovha. 3 Akavakazve matunhu akakwirira akanga aparadzwa nababa
vake Hezekia; uye akavaka aritari dzaBhaari akaita danda raAshera,
sezvakanga zvaitwa naAhabhu mambo weIsraeri. Akapfugamira nyeredzi
dzose dzedenga akadzinamata. 4 Akavaka aritari mutemberi yaJehovha,
makanga manzi naJehovha, "Ndichaisa zita rangu muJerusarema."
5 Muzvivanze zvose zviri zviviri zvetemberi yaJehovha, akavakira nyeredzi
dzose dzokudenga aritari. 6 Akabayira mwanakomana wake
mumoto, akaita uroyi nokuvuka, akabvunza masvikiro navavuki. Akaita
zvakaipa zvakawanda pamberi paJehovha, akamutsa hasha dzake.

7 Akatora mufananidzo waAshera wakavezwa waakanga aita akauisa
mutemberi, yakanga yanzi naJehovha kuna Dhavhidhi nokumwanakomana
wake Soromoni, "Mutemberi iyi nomuJerusarema, mandakasarudza
pakati pamarudzi ose aIsraeri, ndichaisamo Zita rangu nokusingaperi.
8 Handichaitizve kuti tsoka dzavaIsraeri dzidzungaire kubva munyika
yandakapa madzitateguru avo, kana vakangochenjera chete kuita zvose
zvandakavarayira uye vakachengeta Murayiro wose wavakapiwa nomuranda
wangu Mozisi." 9 Asi vanhu havana kuteerera. Manase
akavatsausa, zvokuti vakanyanya kuita zvakaipa kupfuura dzimwe ndudzi
dzakaparadzwa pamberi pavaIsraeri naJehovha.

10 Jehovha akataura kubudikidza navaranda vake ivo vaprofita akati,
11 "Manase mambo weJudha aita zvivi zvinonyangadza izvi. Aita zvakaipa
zvakawanda kupfuura vaAmori vakamutangira uye atungamirira Judha
muzvivi nezvifananidzo zvake. 12 Naizvozvo zvanzi naJehovha, Mwari
waIsraeri: Ndichauyisa dambudziko pamusoro peJerusarema neJudha
zvokuti nzeve dzomumwe nomumwe achanzwa nezvazvo dzichaunga.
13 Ndichatambanudzira kuJerusarema tambo yokuyeresa yandakayera
nayo Samaria nerwodzi rwandakashandisa kuyera narwo imba
yaAhabhu. Ndichapukuta Jerusarema somunhu anonopukuta ndiro,
anoipukuta uye agoitsindikira. 14 Ndichafuratira vakasara venhaka
yangu uye ndichavapa kuvavengi vavo. Vachabirwa uye vachapambwa
navavengi vavo, 15 nokuti vakaita zvakaipa pamberi pangu vakanditsamwisa
kubva pazuva rakabuda madzitateguru avo kubva muIjipiti
kusvikira zuva ranhasi."

16 Pamusoro pezvo, Manase akateura ropa risina mhosva rakawanda
zvokuti akazadza Jerusarema kubva kuno rumwe rutivi kusvika kuno

rumwe, zvisiri izvozvo chete, asi nezvivi zvaakaita kuti Judha iite, zvokuti
vakaita zvakaipa pamberi paJehovha.
17 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaManase,
nezvose zvaakaita, pamwe chete nechivi chaakaita, hazvina kunyorwa
here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eJudha? 18 Manase aka-
zorora namadzibaba ake akavigwa mubindu romumuzinda wake, bindu
raUza. Uye Amoni mwanakomana wake akamutevera paumambo.

### *Amoni Mambo weJudha*

19 Amoni akanga ava namakore makumi maviri namaviri paakava
mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore maviri. Zita ramai vake
rainzi Meshuremeti mwanasikana waHaruzi; akanga achibva kuJotibha.
20 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakanga zvaita Manase baba
vake. 21 Akafamba munzira dzose dzababa vake; akanamata zvifananidzo
zvakanga zvanamatwa nababa vake, akazvipfugamira. 22 Akafuratira
Jehovha, Mwari wamadzibaba ake, haana kufamba munzira yaJehovha.
23 Vabati vaAmoni vakamumukira vakauraya mambo mumuzinda wake.
24 Ipapo vanhu venyika vakauraya vose vakanga vamukira Mambo Amoni,
vakagadza mwanakomana wake Josia kuti ave mambo panzvimbo yake.
25 Kana zviri zvimwe zvakaitika panguva yokutonga kwaAmoni, nez-
vaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzi-
mambo eJudha? 26 Akavigwa muguva rake mubindu raUza. Josia
mwanakomana wake akamutevera paumambo.

## 22

### *Bhuku roMurayiro Rinowanikwa*

1 Josia akanga ava namakore masere paakava mambo, uye akatonga
muJerusarema kwamakore makumi matatu nerimwe. Zita ramai vake
rainzi Jedhidha mwanasikana waAdhaya; aibva kuBhozikati. 2 Akaita
zvakanaka pamberi paJehovha uye akafamba munzira dzose dzababa
vake Dhavhidhi, akasatsaukira kurudyi kana kuruboshwe.
3 Mugore regumi namasere rokutonga kwake, Mambo Josia akatuma
munyori, Shafani mwanakomana waAzaria, mwanakomana waMeshu-
rami, kutemberi yaJehovha. Akati kwaari, 4 "Enda kuna Hirikia muprista
mukuru umuudze kuti averenge mari yakauyiswa mutemberi yaJehovha,
iya yakaunganidzwa navarindi vomukova ichibva kuvanhu. 5 Uite kuti
vaipe kuvarume vakagadzwa kuti vatarire basa rapatemberi. Uye varume
ava vanofanira kuripa vabati vanogadzira temberi yaJehovha, 6 vavezi,
navavaki navavezi vamatombo. Uyezve uite kuti vatenge matanda
namatombo akavezwa kuti vagadzirise temberi. 7 Asi havafaniri kubvun-
zwa pamusoro pemari yakaiswa mumaoko avo, nokuti ivo vakatendeka
pakubata kwavo."
8 Hirikia muprista mukuru akati kuna Shafani munyori, "Ndawana
Bhuku roMurayiro mutemberi yaJehovha." Akaripa kuna Shafani, uyo
akariverenga. 9 Ipapo Shafani munyori akaenda kuna mambo akando-
muzivisa kuti: "Vabati venyu varipa mari iya yakanga iri mutemberi
yaJehovha vakaipa kuvashandi navatariri vapatemberi." 10 Ipapo Shafani
munyori akazivisa mambo achiti, "Hirikia muprista andipa bhuku." Uye
Shafani akariverenga pamberi pamambo.
11 Mambo akati anzwa mashoko eBhuku roMurayiro, akabvarura
nguo dzake. 12 Akarayira Hirikia muprista, naAhikami mwanakomana

waShafani, naAkibhori mwanakomana waMikaya, naShafani munyori,
naAsaya muranda wamambo achiti, [13] "Endai munondibvunzirawo Je-
hovha, ini navanhu ava, uye navanhu vose veJudha, pamusoro pez-
vakanyorwa mubhuku rakawanikwa iri. Nokuti kutsamwa kwaJehovha
kwaakatitsamwira nako kukuru nokuda kwamadzibaba edu asina kuteer-
era mashoko ebhuku iri; havana kuita zvose zvakafanira zvakanyorwa
pamusoro pedu."

[14] Hirikia muprista, naAhikami, naAkibhori, naShafani naAsaya
vakaenda kundotaura naHuridha muprofitakadzi, akanga ari mukadzi
waSharumi mwanakomana waTikivha, mwanakomana waHarihasi,
muchengeti wenguo. Aigara muJerusarema, muDunhu reChipiri.

[15] Akati kwavari, "Zvanzi naJehovha, Mwari weIsraeri: Udzai murume
akutumai kwandiri kuti, [16] 'Zvanzi naJehovha: Ndichauyisa dambudziko
pamusoro penzvimbo ino navanhu vayo, zvichienderana nezvose
zvakanyorwa mubhuku rakaverengwa namambo weJudha. [17] Nokuti
vakandirasa, vakapisira zvinonhuhwira kuna vamwe vamwari, vakan-
ditsamwisa nokuda kwezvifananidzo zvose zvavakaita namaoko avo,
kutsamwa kwangu kuchapfuta pamusoro penzvimbo ino uye hakungadz-
imwi.' [18] Udzai mambo weJudha, akutumai kuzobvunza Jehovha, kuti,
'Zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri, pamusoro pamashoko amakanzwa:
[19] Nokuti mwoyo wako wakanga uri munyoro uye ukazvininipisa pam-
beri paJehovha pawakanzwa zvandakataura pamusoro penzvimbo ino
navanhu vayo, kuti vachatukwa uye kuti vachaitwa dongo, uye nokuti
wakabvarura nguo dzako ukachema pamberi pangu, ndakunzwa, ndizvo
zvinotaura Jehovha. [20] Naizvozvo ndichakurongedza kumadzibaba ako,
uye uchavigwa murugare. Meso ako haachazooni matambudziko ose
andichauyisa panzvimbo ino.' "

Naizvozvo vakaendesa mhinduro yake kuna mambo.

# 23

*Josia anovandudza Sungano*

[1] Ipapo mambo akaunganidza vakuru vose veJudha neJerusarema
pamwe chete. [2] Akakwidza achienda kutemberi yaJehovha navarume
veJudha, navanhu veJerusarema, vaprista navaprofita, navanhu vose
kubva kuvaduku kusvikira kuvakuru. Akaverenga vachinzwa mashoko
ose eBhuku reSungano, rakanga rawanikwa mutemberi yaJehovha.
[3] Mambo akamira pambiru akavandudza sungano pamberi paJehovha,
kuti atevere Jehovha uye achengete zvaakarayira, nezvaakatema ne-
mitemo yake nomwoyo wake wose, nomweya wake wose nokudaro
achisimbisa mashoko esungano akanyorwa mubhuku iri. Ipapo vanhu
vose vakazvipira kusungano.

[4] Zvino mambo akarayira Hirikia muprista mukuru, navaprista
vaimutevera paukuru navarindi vemikova kuti vabvise mutemberi ya-
Jehovha zvose zvakanga zvaitirwa Bhaari naAshera nenyeredzi dzose
dzokudenga. Akazvipisira kunze kweJerusarema muminda yoMupata
weKidhironi, akaendesa madota azvo kuBheteri. [5] Akabvisa vaprista
vezvifananidzo vakanga vagadzwa namadzimambo eJudha kuti vapisire
zvinonhuhwira pamatunhu akakwirira amaguta eJudha napamusoro
penzvimbo dzakapoteredza Jerusarema, vaya vaipisira zvinonhuhwira
kuna Bhaari, nokuzuva nomwedzi nokunyeredzi dzose dzokudenga.
[6] Akabvisa danda raAshera mutemberi yaJehovha akariisa kuMupata

weKidhironi kunze kweJerusarema akaripisirako. Akarikuya rikava madota, akaparadzira madota acho pamusoro pamarinda avanhuwo
zvavo. 7 Akaputsawo dzimba dzezvifeve zvavarume zvapatemberi dzaiva mutemberi yaJehovha mairukira vakadzi machira aAshera.

8 Josia akabudisa vaprista vose vaibva mumaguta eJudha akashatisa matunhu akakwirira, kubva kuGebha kusvikira kuBheerishebha, kwaipisirwa zvinonhuhwira navaprista. Akaputsa dzimba dzapamatunhu akakwirira apamasuo apamukova weSuo raJoshua, mutongi weguta, raiva
kuruboshwe rwesuo reguta. 9 Kunyange zvazvo vaprista vamatunhu akakwirira vakanga vasingashumiri paaritari yaJehovha muJerusarema, vakadya zvingwa zvisina mbiriso pamwe chete nehama dzavo vaprista.

10 Akashatisa Tofeti iri muMupata weBheni Hinomi, kuitira kuti pasava nomunhu angapashandisa kubayira mwanakomana wake kana
mwanasikana wake mumoto kuna Moreki. 11 Akabvisa pasuo retemberi yaJehovha mabhiza akanga akumikidzwa kuzuva namadzimambo eJudha, akanga ari muchivanze pedyo nekamuri romubati ainzi Natani-Mereki. Ipapo Josia akapisa ngoro dzakanga dzakakumikidzwa kuzuva.

12 Akaputsira pasi aritari dzakanga dzavakwa namadzimambo eJudha pamusoro pedenga, pedyo nekamuri rapamusoro raAhazia, nearitari dzakanga dzavakwa naManase muzvivanze zviviri zvetemberi yaJehovha. Akadzibvisapo, akadziputsa-putsa uye akakanda marara acho muMupata
weKidhironi. 13 Mambo akashatisawo matunhu akakwirira akanga ari kumabvazuva kweJerusarema nechezasi kweChikomo choUori, izvo zvakanga zvavakwa naSoromoni mambo weIsraeri achivakira Ashitoreti mwari anonyangadza wavaSidhoni naKemoshi mwari anonyangadza
wavaMoabhu, naMoreki mwari anonyangadza wavaAmoni. 14 Josia akaputsa-putsa shongwe dzamatombo aiera akatema matanda aAshera akafukidza nzvimbo dzacho namapfupa avanhu.

15 Pamusoro paizvozvo, akaparadza aritari paBheteri nenzvimbo yakakwirira yakaitwa naJerobhoamu mwanakomana waNebhati, uyo akaita kuti Israeri itadze, kunyange aritari iyoyo nenzvimbo yakakwirira akazviputsa. Akapisa nzvimbo yakakwirira akaikuya kuita upfu, uye
akapisawo danda raAshera. 16 Ipapo Josia akatarira-tarira uye paakaona makuva akanga aripo pamusoro pechikomo, akarayira kuti mapfupa abviswe maari uye apiswe paaritari kuti aishatise, maererano neshoko raJehovha rakaparidzwa nomunhu waMwari akaprofita zvinhu izvi.

17 Mambo akabvunza akati, “Ko, shongwe yeguva yandinoona iyo ndeyani?”

Varume vomuguta vakati, “Ndiyo inoratidza guva romunhu waMwari akabva kuJudha akaprofita pamusoro pearitari yeBheteri nezvinhu izvi zvamaita kwairi.”

18 Iye akati, “Regai azorore. Ngakurege kuva nomunhu anokanganisa mapfupa ake.” Naizvozvo vakarega mapfupa ake pamwe chete neomuprofita akanga abva kuSamaria.

19 Josia akaita zvimwe chetezvo sezvaakanga aita paBheteri akabvisa uye akashatisa temberi dzose dzapamatunhu akakwirira dzakanga dzavakwa namadzimambo eIsraeri mumaguta eSamaria, akanga at-
samwisa Jehovha, 20 Josia akauraya vaprista vose vokumatunhu akakwirira pamusoro pearitari uye akapisirapo mapfupa avanhu. Ipapo akabva adzokera kuJerusarema.

21 Mambo akarayira vanhu vose akati, “Itirai Jehovha Mwari wenyu
Pasika sezvazvakanyorwa muBhuku iri reSungano.” 22 Hakuna kumbova

nepasika yakadai kubvira pamazuva avatongi vakatungamirira Israeri
kana pamazuva amadzimambo avaIsraeri, namadzimambo eJudha. 23 Asi
mugore regumi namasere raMambo Josia, pasika iyi yakaitirwa Jehovha
muJerusarema.

24 Pamusoro paizvozvo, Josia akabvisa masvikiro ose navavuki,
navaiita zvemidzimu, nezvifananidzo nezvimwe zvose zvinonyangadza
zvaionekwa muJudha nomuJerusarema. Akaita izvi kuti azadzise
zvaidikanwa nomurayiro wakanga wakanyorwa mubhuku rakanga
rakawanikwa nomuprista Hirikia mutemberi yaJehovha. 25 Hapana kum-
bova namambo akaita saJosia kuna vakamutangira kana vakamutevera,
akatendeukira kuna Jehovha nomwoyo wake wose, nomweya wake wose,
uye nesimba rake rose, sezvaakaita achitevera Murayiro wose waMozisi.

26 Kunyange zvakadaro, Jehovha haana kushanduka pakupisa kwe-
hasha dzake dzinotyisa, dzaipisira Judha nokuda kwezvose zvakaitwa
naManase achimutsamwisa. 27 Naizvozvo Jehovha akati, “Ndichabvisawo
Judha pamberi pangu sokubvisa kwandakaita Israeri, uye ndicharamba
Jerusarema, guta randakasarudza, netemberi iyi, yandakataura pamusoro
payo ndichiti, ‘Zita rangu richagarapo.’ ”

28 Kana zviri zvimwe zvakaitika pakutonga kwaJosia, nezvose zvaakaita,
hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadzimambo eJudha?

29 Josia paakanga ari mambo, Faro Neko mambo weIjipiti akaenda kuR-
wizi Yufuratesi kuti andobatsira mambo weAsiria. Mambo Josia akaenda
kundorwisana naye, asi Neko akamuona akamuuraya paMegidho.
30 Varanda vaJosia vakatakura mutumbi wake mungoro kubva kuMegidho
kusvika kuJerusarema vakamuviga muguva rake. Vanhu vomunyika
imomo vakatora Jehoahazi mwanakomana waJosia vakamuzodza uye
vakamuita mambo panzvimbo yababa vake.

### *Jehoahazi Mambo weJudha*

31 Jehoahazi akanga ava namakore makumi maviri namatatu paakava
mambo, akatonga kwemwedzi mitatu muJerusarema. Zita ramai vake
rainzi Hamutari mwanasikana waJeremia, vaibva kuRibhina. 32 Akaita
zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakanga zvaitwa namadzibaba ake.
33 Faro Neko akamusunga nengetani paRibhira munyika yeHamati kuti
asatonga muJerusarema, uye akaisa mutero pamusoro peJudha wa-
matarenda zana* esirivha netarenda† regoridhe. 34 Faro Neko akagadza
Eriakimi mwanakomana waJosia kuti ave mambo panzvimbo yababa vake
uye Josia akashandura zita raEriakimi kuti rive Jehoyakimi. Asi akatora
Jehoahazi akaenda naye kuIjipiti, uye ndiko kwaakafira. 35 Jehoyakimi
akapa Faro Neko sirivha negoridhe sezvaakanga areva. Kuti aite izvozvo,
akaripisa vanhu vomunyika imomo mutero achitora sirivha negoridhe
kubva kuvanhu venyika maererano nezvavakanga vatarirwa.

### *Jehoyakimi anova Mambo weJudha*

36 Jehoyakimi akanga ava namakore makumi maviri namashanu
paakava mambo, uye akatonga kwamakore gumi nerimwe muJerusarema.
Zita ramai vake rainzi Zebhidha mwanasikana waPedhaya; vaibva
kuRuma. 37 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakanga zvaitwa
namadzibaba ake.

---

* **23:33** 23:33 matani angaita 3.4 † **23:33** 23:33 makirogiramu angaita 34

# 24

1 Mumazuva okutonga kwaJehoyakimi Nebhukadhinezari mambo weB-
habhironi akakunda nyika, Jehoyakimi akava muranda wake kwamakore
matatu. Asi akazoshandura pfungwa dzake akamukira Nebhukad-
hinezari. 2 Jehovha akatuma vaBhabhironi navaAramu navaMoabhu
uye navaAmoni kuti vazorwisa. Akavatuma kunoparadza Judha, sez-
vakarehwa neshoko raJehovha rakataurwa navaranda vake navaprofita.
3 Zvirokwazvo zvinhu izvi zvakaitika kuna Judha sezvazvakarayirwa na-
Jehovha, kuitira kuti avabvise pamberi pake nokuda kwezvivi zvaManase
nezvose zvaakaita, 4 zvinosanganisira kuteura ropa risina mhosva. Nokuti
akanga azadza Jerusarema neropa risina mhosva, uye Jehovha akanga
asingadi kumukanganwira.
5 Kana zviri zvimwe zvakaitika pakutonga kwaJehoyakimi, nezvose
zvaakaita, hazvina kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzamadz-
imambo eJudha? 6 Jehoyakimi akazorora namadzibaba ake. Uye
Jehoyakini, mwanakomana wake akamutevera paumambo.
7 Mambo weIjipiti haana kuzobudazve kubva munyika yake nokuti
mambo weBhabhironi akanga atora nyika yake yose, kubva kuRwizi
rweIjipiti kusvikira kuRwizi Yufuratesi.

### *Jehoyakini anova Mambo weJudha*

8 Jehoyakini akanga ava namakore gumi namasere paakava mambo,
uye akatonga kwemwedzi mitatu muJerusarema. Zita ramai vake rainzi
Nehushita mwanasikana waErinatani; vaibva muJerusarema. 9 Akaita
zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakanga zvaitwa nababa vake.
10 Panguva iyoyo varanda vaNebhukadhinezari mambo weBhabhironi
vakaenda kuJerusarema vakarikomba, 11 uye Nebhukadhinezari pachake
akasvika kuguta, varanda vake pavakanga vakarikomba. 12 Jehoyakini
mambo weJudha, namai vake, navaranda vake, namakurukota ake,
navabati vake vakazvipira vose kwaari.
Mugore regumi namasere rokutonga kwamambo weBhabhironi, aka-
tora Jehoyakini akamuita musungwa. 13 Sezvakanga zvarehwa naJe-
hovha, Nebhukadhinezari akabvisa pfuma yose mutemberi yaJehovha
nomumuzinda wamambo, uye akatora midziyo yose yegoridhe yakanga
yaitirwa temberi yaJehovha naSoromoni mambo weIsraeri. 14 Akatapa
Jerusarema rose: vabati vose navarume vehondo vose, navarume
voumhizha vose, navapfuri vesimbi, vaiva vanhu zviuru gumi. Varombo
vokupedzisira ndivo vakasara chete munyika imomo.
15 Nebhukadhinezari akatora Jehoyakini akamuita nhapwa kuBhab-
hironi. Akatorawo mai vamambo, navakadzi vake, navabati vake
navarume vaitungamirira nyika muJerusarema akavaendesa kuBhabhi-
roni. 16 Mambo weBhabhironi akabudisawo hondo yose yavarume zviuru
zvinomwe, vakasimba pakurwa, nechiuru chimwe chete chavarume
voumhizha navapfuri vesimbi akavaendesa kuBhabhironi. 17 Akaita
Matania babamunini vaJehoyakini, mambo panzvimbo yaJehoyakini uye
akashandura zita rake akamutumidza kuti Zedhekia.

### *Zedhekia anova Mambo weJudha*

18 Zedhekia akanga ana makore makumi maviri nerimwe chete paakava
mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore gumi nerimwe. Zita
ramai vake rainzi Hamutari mwanasikana waJeremia; vaibva kuRibhina.
19 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakanga zvaita Jehoyakini.

20 Izvi zvakaitika kuJerusarema neJudha nokuda kwehasha dzaJehovha,
uye pakupedzisira akavabvisa pamberi pake.

Zvino Zedhekia akamukira mambo weBhabhironi.

# 25

*Kuwa kweJerusarema*

1 Naizvozvo mugore repfumbamwe rokutonga kwaZedhekia, pazuva
regumi romwedzi wegumi, Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi
akaenda kundorwisana neJerusarema nehondo yake yose. Akavaka
misasa akakomberedza guta uye akavakawo nhare dzakanga dza-
karikomberedza. 2 Guta rakaramba rakakombwa kusvikira pagore regumi
nerimwe chete raMambo Zedhekia. 3 Pazuva repfumbamwe romwedzi
wechina nzara yakanyanya muguta zvokuti makanga musisina zvokudya
zvavanhu. 4 Ipapo rusvingo rweguta rwakapwanyiwa, hondo yose
ikatiza usiku napasuo raiva pakati pamasvingo maviri pedyo nebindu
ramambo, kunyange veBhabhironi vakanga vakakomba guta. Vakatiza
vakananga kuArabha, 5 asi hondo yavaBhabhironi yakadzinganisa mambo
ikamubatira mumapani eJeriko. Varwi vake vose vakaparadzaniswa
naye vakapararira. 6 Akabatwa akaendeswa kuna mambo weBhabhironi
paRibhira, kwaakandotongwa. 7 Vakauraya vanakomana vaZedhekia
pamberi pake achizviona. Ipapo vakamutushura meso ake, vakamusunga
nezvisungo zvamatare vakamutora vakaenda naye kuBhabhironi.

8 Pazuva rechinomwe romwedzi wechishanu, mugore regumi nep-
fumbamwe raNebhukadhinezari mambo weBhabhironi, Nebhuzaradhani
mukuru wehondo yavachengeti vamambo, muranda wamambo weB-
habhironi, akauya kuJerusarema. 9 Akapisa temberi yaJehovha, no-
muzinda wamambo nedzimba dzose dzeJerusarema. Akapisa, dzimba
dzose dzaikosha. 10 Hondo yose yeBhabhironi yaiva pasi pomukuru
wavarindi vamambo yakaputsa masvingo aipoteredza Jerusarema.
11 Nebhuzaradhani mukuru wavarindi akaendesa kuutapwa vanhu
vakanga vasara muguta, pamwe chete navamwe vanhu vose zvavo
navaya vakanga vaenda kuna mambo weBhabhironi. 12 Asi mukuru
wavarindi akasiya vanhu vakanga vari varombo vokupedzisira munyika
kuti vashande muminda yemizambiringa nemimwe minda.

13 Vanhu veBhabhironi vakaputsa mbiru dzendarira, zvigadziko ne-
Gungwa rendarira zvakanga zviri mutemberi yaJehovha vakatakura
ndarira vakaenda nayo kuBhabhironi. 14 Vakatorawo hari, nefoshoro,
nezvidzimiso zvemwenje, nemadhishi uye nemidziyo yose yendarira
yaishandiswa mutemberi. 15 Mukuru wehondo yavarindi vamambo
akatora zvaenga zvezvinonhuhwira namadhishi okusasa nawo, nezvose
zvakanga zvakagadzirwa negoridhe rakaisvonaka kana sirivha.

16 Ndarira yakabva pambiru mbiri, Gungwa nezvigadziko zvakanga
zvagadzirirwa temberi yaJehovha naSoromoni, yakanga yakawanda
zvokuti yaisagona kuyerwa. 17 Mbiru imwe neimwe yaiva yakareba
makubhiti gumi namasere*. Musoro wendarira waiva pamusoro pembiru
wakanga wakareba makubhiti matatu† uye wakanga wakashongedzwa
nomumbure uye namatamba endarira akanga akaupoteredza. Imwe
mbiru nomumbure wayo yakanga yakadarowo.

* **25:17** 25:17 mamita angaita 8.2 † **25:17** 25:17 mamita angaita 1.4

18 Mukuru wavarindi akatora Seraya muprista mukuru naZefania
muprista aimutevera paukuru navachengeti vomukova vatatu akavaita
vasungwa. 19 Pane avo vakanga vasara muguta, akatora mukuru
wavarwi navapi vamazano vamambo vashanu. Akatorawo munyori
akanga ari mubati mukuru ainyoresa vanhu venyika kuti vave varwi
navamwe vanhu vake vaisvika makumi matanhatu vakawanikwa muguta.
20 Nebhuzaradhani mukuru wavarindi akavatora vose akavaendesa kuna
mambo weBhabhironi paRibhura. 21 Ipapo paRibhura munyika yeHamati,
mambo akarayira kuti vaurayiwe.

Saka Judha yakaenda kuutapwa, kure nenyika yayo.

22 Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi akagadza Gedharia
mwanakomana waAhikami, mwanakomana waShafani, kuti atonge
vanhu vaakanga asiya muJudha. 23 Vakuru vose vehondo navanhu
vavo pavakanzwa kuti mambo weBhabhironi akanga agadza Gedharia
kuti ave mutongi, vakauya kuna Gedharia paMizipa, Ishumaeri
mwanakomana waNetania, naJohanani mwanakomana waKarea,
naSeraya mwanakomana waTanhumeti muNetofati, naJaazania
mwanakomana womuMaakati, navanhu vavo. 24 Gedharia akaita mhiko
kuti avasimbise, ivo navanhu vavo. Akati kwavari, "Musatya vabati
vomuBhabhironi. Garai munyika mushandire mambo weBhabhironi
zvigokunakirai."

25 Kunyange zvakadaro, mumwedzi wechinomwe Ishumaeri mwanako-
mana waNetania, mwanakomana waErishama, akanga ari weropa roushe,
akauya navarume gumi akauraya Gedharia navarume veJudha neveBhab-
hironi vaiva naye paMizipa. 26 Zvadai, vanhu vose kubva kuvadiki kusvika
kuvakuru navakuru vehondo pamwe chete vakatizira kuIjipiti, vachitya
vaBhabhironi.

### *Jehoyakini anosunungurwa*

27 Mugore ramakumi matatu namanomwe rokutapwa kwaJehoyakini
mambo weJudha, mugore rakatanga Evhiri-Merodhaki mambo weBhab-
hironi kutonga, akasunungura Jehoyakini kubva muusungwa pazuva
ramakumi manomwe romwedzi wegumi nemiviri. 28 Akataura zvakanaka
kwaari akamupa chigaro chokukudzwa chakapfuura chamamwe madzi-
mambo akanga anaye muBhabhironi. 29 Naizvozvo Jehoyakini akabvisa
nguo dzake dzousungwa uye akadya patafura yamambo nguva nenguva
pamazuva ose oupenyu hwake. 30 Zuva nezuva mambo akapa Jehoyakini
mugove wezuva rimwe nerimwe mazuva ose oupenyu hwake.

# 1 MAKORONIKE

*Zvinyorwa zvenhoroondo kubva kuna*

*Adhamu kusvika kuna Abhurahama*

*Kusvika kuvanakomana vaNoa*
1 Adhamu, Seti, Enoshi,
2 Kenani, Mahararéri, Jaredhi,
3 Inoki, Metusera, Rameki,
Noa.

4 Vanakomana vaNoa vaiva: Shemu, Hamu, naJafeti.

*VaJafeti*
5 Vanakomana vaJafeti vaiva:
Gomeri, Magogi, Madhai, Javhani, Tubhari, Mesheki naTirasi.
6 Vanakomana vaGomeri vaiva:
Ashikenazi, Rifati naTogarima.
7 Vanakomana vaJavhani vaiva:
Erisha, Tashishi, Kitimi naRodhanimi.

*VaHamu*
8 Vanakomana vaHamu vaiva:
Kushi, Miziraimi, Puti naKenani.
9 Vanakomana vaKushi vaiva:
Sebha, Havhira, Sabata, Raama naSabhiteka.
Vanakomana vaRaama vaiva:
Shebha naDedhani.
10 Kushi aiva baba vaNimurodhi;
uyo akakura akava murwi mukuru panyika.
11 Miziraimi aiva baba
vavaRudhi, vaAnami, vaRehabhi, vaNafutuhi, 12 vaPatiri, vaKasiruhi
(umo makazobvawo vaFiristia) navaKafitori.
13 Kenani aiva baba
vaSidhoni dangwe rake, nevaHiti, 14 vaJebhusi vaAmori, vaGirigashi,
15 vaHivhi, vaAriki, vaSini, 16 vaArivhadhi, vaZemari nevaHamati.

*VaSemi*
17 Vanakomana vaShemu vaiva:
Eramu, Ashua, Arifakisadhi, Rudhi naAramu.
Vanakomana vaAramu vaiva:
Uzi, Huri, Geteri naMesheki.
18 Arifakisadhi aiva baba vaShera,
uye Shera aiva baba vaEbheri.
19 Vanakomana vaviri vakaberekerwa Ebheri:
mumwe ainzi Peregi, nokuti panguva yake nyika yakanga yakakamu-
rana; munun'una wake ainzi Jokitani.
20 Jokitani aiva baba
vaArimodhadhi, Sherefi, Hazarimavheti, Jera, 21 Hadhoramu, Uzari,
Dhikira, 22 Obhari, Abhimaeri, Shebha, 23 Ofiri, Havhira naJobhabhi.
Ava vose vaiva vanakomana vaJokitani.

24 Shemu, Arifakisadhi, Shera,
25 Ebheri, Peregi, Reu,
26 Serugi, Nahori, Tera
27 naAbhurama (iye Abhurahama).

*Mhuri yaAbhurahama*

28 Vanakomana vaAbhurahama vaiva: Isaka naIshumaeri.

*Zvizvarwa zvaHagari*

29 Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvavo:
Nebhayoti dangwe raIshumaeri, Kedhari, Adhibheeri, Mibhisami,
30 Mishima, Dhuma, Masa, Hadhadhi, Tema, 31 Jeturi, Nafishi,
naKedhema.
Ava ndivo vaiva vanakomana vaIshumaeri.

*Zvizvarwa zvaKetura*

32 Vanakomana vakaberekwa naKetura, murongo waAbhurahama vaiva:
Zimirani, Jokishani, Medhani, Midhiani, Ishibhaki naShua.
Vanakomana vaJokishani vaiva:
Shebha naDhedhani.
33 Vanakomana vaMidhiani vaiva:
Efa, Eferi, Hanoki, Abhidha naEridha.
Ava vose vaiva zvizvarwa zvaKetura.

*Zvizvarwa zvaSara*

34 Abhurahama aiva baba vaIsaka.
Vanakomana vaIsaka vaiva:
Esau naIsraeri.

*Vanakomana vaEsau*

35 Vanakomana vaEsau vaiva:
Erifazi, Reueri, Jeushi, Jaramu, naKora.
36 Vana vaErifazi vaiva:
Temani, Omari, Zefo, Gatami, naKenazi;
naTimina, vakabereka Amareki.
37 Vanakomana vaReueri vaiva:
Nahati, Zera, Shama naMiza.

*VaSeiri muEdhomu*

38 Vanakomana vaSeiri vaiva:
Rotani, Shobhari, Zibheoni, Ana, Dhishoni, Ezeri naDhishani.
39 Vanakomana vaRotani vaiva:
Hori naHomami, Timina aiva hanzvadzi yaRotani.
40 Vanakomana vaShobhari vaiva:
Arivhani, Manahati, Ebhari, Shefo naOnami.
Vanakomana vaZibheoni vaiva:
Aya naAna.
41 Mwanakomana waAna
ainzi Dhishoni.
Vanakomana vaDhishoni vaiva:
Hemidhani, Eshibhani, Itirani naKerani.
42 Vanakomana vaEzeri vaiva:
Bhirihani, Zaavhani naAkani.
Vanakomana vaDhishani vaiva:
Uzi naArani.

*Vatongi veEdhomu*

43 Aya ndiwo aiva madzimambo aitonga muEdhomu kusati kwava namambo upi zvake aitonga muIsraeri vaiva:
Bhera mwanakomana waBheori, guta rake rainzi Dhinihabha.
44 Bhera paakafa, Jobhabhi mwanakomana waZera aibva kuBhozira akamutevera paumambo.
45 Jobhabhi paakafa, Hushami aibva kunyika yevaTemani akamutevera paumambo.
46 Hushami paakafa, Hadhadhi mwanakomana waBhedhadhi uyo akakunda Midhiani munyika yaMoabhu akamutevera paumambo. Guta rake rainzi Avhiti.
47 Hadhadhi paakafa Samira aibva kuMasireka akamutevera paumambo.
48 Samira paakafa, Shauri aibva kuRehobhoti parwizi akamutevera paumambo.
49 Shauri paakafa Bhaari Hanani mwanakomana waAkibhori akamutevera paumambo.
50 Bhaari Hanani paakafa, Hadhadhi akamutevera paumambo. Guta rake rainzi Pau uye mudzimai wake ainzi Mehetabheri, mwanasikana
waMatiredhi, mwanasikana waMe-Zahabhi. 51 Hadhadhi akafawo.

Madzishe eEdhomu aiva:
Timina, Arivha, Jeteti 52 Ohoribhama, Era, Pinoni, 53 Kenazi, Temani,
Mibhiza, 54 Magidhieri naIrami.
Aya ndiwo aiva madzishe eEdhomu.

# 2

*Vanakomana vaIsraeri*

1 Ava ndivo vaiva vanakomana vaIsraeri: Rubheni, Simeoni,
Revhi, Judha, Isakari, Zebhuruni, 2 Dhani, Josefa, Bhenjamini,
Nafutari, Gadhi naAsheri.

*Judha*

*Kuvanakomana vaHezironi*

3 Vanakomana vaJudha vaiva:
Eri, Onani naShera. Vatatu ava akavaberekerwa nomudzimai wechiKenani, mwanasikana waShua.
Eri dangwe raJudha, akanga akaipa pamberi paJehovha. Saka Jehovha akamuuraya.
4 Tamari muroora waJudha akamuberekera Perezi naZera.
Judha aiva navanakomana vashanu vose pamwe chete.

5 Vanakomana vaPerezi vaiva:
Hezironi naHamuri.
6 Vanakomana vaZera vaiva:
Zimuri, Etani, Hemani, Karikori naDharidha; vose vaiva vashanu.
7 Mwanakomana waKarimi aiva:
Akari, uyo akauyisa matambudziko pamusoro peIsraeri nokutyora murayiro wokusatora zvinhu zvakaereswa.
8 Mwanakomana waEtani ainzi
Azaria.
9 Vanakomana vaHezironi vaiva:

Jerameeri, Rami naKarebhu.

*Kubva kuna Rami mwanakomana waHezironi*

10 Rami aiva baba vaAminadhabhi,
uye Aminadhabhi aiva baba vaNahashoni mutungamiri wavanhu veJudha.
11 Nahashoni aiva baba vaSarimoni,
Sarimoni ari baba vaBhoazi,
12 Bhoazi aiva baba vaObhedhi
uye Obhedhi aiva baba vaJese.

13 Jese aiva baba
vaEriabhi dangwe rake; mwanakomana wake wechipiri ainzi Abhinadhabhi,
wechitatu ainzi Shimea, 14 wechina ainzi Netaneri,
wechishanu ainzi Radhai, 15 wechitanhatu ainzi Ozemi
uye wechinomwe ainzi Dhavhidhi.
16 Hanzvadzi dzavo dzaiva Zeruya naAbhigairi.
Vanakomana vatatu vaZeruya vaiva Abhishai, Joabhu naAsaheri.
17 Abhigairi aiva amai vaAmasa, baba vaAmasa vainzi Jeteri muIshumaeri.

*Karebhu mwanakomana waHezironi*

18 Karebhu mwanakomana waHezironi akabereka vana nomudzimai wake Azubha (uye naJerioti). Ava ndivo vaiva vanakomana vake:
Jesheri Shobhabhi naAridhoni.
19 Azubha paakafa Karebhu akaroora Efurati uyo akamuberekera Huri.
20 Huri aiva baba vaUri uye Uri aiva baba vaBhezareri.

21 Shure kwaizvozvo, Hezironi akavata nomwanasikana waMakiri baba vaGireadhi; akanga amuwana paakanga ava namakore makumi matanhatu; akamuberekera Segubhi.
22 Segubhi aiva baba vaJairi, uyo aitonga maguta makumi maviri namatatu muGireadhi.
23 (Asi Geshuri naAramu vakatapa Habhoti Jairi pamwe chete neKenati namaguta akaripoteredza, maguta makumi matanhatu.)
Ava vose vaiva vorudzi rwaMakiri baba vaGireadhi.
24 Mushure mokunge Hezironi afira muKarebhu Efurata, Abhija mudzimai waHezironi akamuberekera Ashuri baba vaTekoa.

*Jerameeri mwanakomana waHezironi*

25 Vanakomana vaJerameeri dangwe raHezironi vaiva:
Rami dangwe rake, Bhuna, Oreni, Ozemi naAhija. 26 Jerameeri akanga
ane mumwe mukadzi, zita rake rainzi Atara. Akanga ari amai vaOnami.
27 Vanakomana vaRamu dangwe raJerameeri vaiva:
Maazi, Jamini naEkeri.
28 Vanakomana vaOnami vaiva:
Shamai naJadha.
Vanakomana vaShamai vaiva:
Nadhabhi naAbhishuri. 29 Mukadzi waAbhishuri ainzi Abhihairi
akamuberekera Abhani naMoridhi.
30 Vanakomana vaNadhabhi vaiva:
Seredhi naApaimi. Seredhi akafa asina vana.

31 Mwanakomana waApaimi
ainzi Ishi uyo aiva baba vaSheshani. Sheshani aiva baba vaArai.
32 Vanakomana vaJadha, munun'una waShamai vaiva:
Jeteri naJonatani. Jeteri akafa asina vana.
33 Vanakomana vaJonatani vaiva:
Pereti naZaza.
Ava ndivo vaiva zvizvarwa zvaJerameeri.

34 Sheshani aiva asina vanakomana, aiva navanasikana chete.
Aiva nomuranda wechiIjipita ainzi Jara. 35 Sheshani akapa
mwanasikana wake kuti ave mukadzi womuranda wake. Jara
akamuberekera Atai.
36 Atai aiva baba vaNatani,
Natani aiva baba vaZabhadhi,
37 Zabhadhi baba vaEfirari,
Efirari baba vaObedhi,
38 Obhedhi baba vaJehu,
Jehu baba vaAzaria,
39 Azaria baba vaHerezi,
Herezi baba vaEreasa,
40 Ereasa baba vaSisimai,
Sisimai baba vaSharumi,
41 Sharumi baba vaJekamia,
uye Jekamia aiva baba vaErishama.

### *Dzimba dzaKarebhu*

42 Vanakomana vaKarebhu munun'una waJerameeri vaiva:
Mesha dangwe rake, uyo aiva baba vaZifi
uye nomwanakomana wake Maresha, uyo aiva baba vaHebhuroni.
43 Vanakomana vaHebhuroni vaiva:
Kora, Tapuwa, Rekemu naShema.
44 Shema aiva baba vaRahamu,
uye Rahamu baba vaJorikeami.
Rekemu aiva baba vaShamai.
45 Mwanakomana waShamai ainzi Maoni,
uye Maoni aiva baba vaBheti Zuri.
46 Mumwe murongo waKarebhu ainzi Efa ndiye aiva amai
vaHarani, Moza naGazezi.
Harani aiva baba vaGazezi.
47 Vanakomana vaJadhai vaiva:
Regemu, Jotamu, Geshani, Pereti, Efa naShaafi.
48 Mumwe murongo waKarebhu ainzi Maaka ndiye aiva amai
vaShebheri naTirana.
49 Akaberekawo Shaafi baba vaMadhimana
naShevha baba vaMakibhena naGibhea.
Mwanasikana waKarebhu ainzi Akisa.
50 Izvi ndizvo zvizvarwa zvaKarebhu.

Vanakomana vaHuri dangwe raEfurata:
Shobhari baba vaKiriati Jearimi, 51 Sarima baba vaBheterehema,
naHarefi baba vaBheti Gadheri.
52 Zvizvarwa zvaShobhari baba vaKiriati Jearimi zvaiva:

Haroe, hafu yavaManahati, 53 uye dzimba dzaKiriati Jearimi dzaiva:
vaItiri, vaPuti, vaShumati navaMishirai. Kuna ivava kwakabva
vaZorati navaEshitaori.
54 Zvizvarwa zvaSarima zvaiva:
Bheterehema, vaNetofati, Atiroti Bheti Joabhu, hafu yavaManahati,
vaZori, 55 uye dzimba dzavanyori vaigara paJabhezi dzaiva: vaTi-
rati, vaShimeati navaSukati. Ava ndivo vaKeni vakabva kuna
Hamati baba veimba yaRekabhi.

# 3

*Vanakomana vaDhavhidhi*

1 Ava ndivo vanakomana vaDhavhidhi vaakaberekerwa ari kuHebhuroni:

Dangwe rake rainzi Amunoni mwanakomana waAhinoami weJezireeri.
Wechipiri ainzi Dhanieri, mwanakomana waAbhigairi weKarimeri;
2 wechitatu, Abhusaromu mwanakomana waMaaka mwanasikana
waTarimai mambo weGeshuri;
wechina, Adhoniya mwanakomana waHagiti,
3 wechishanu, Shefatia mwanakomana waAbhitari uye
wechitanhatu Itireami nomukadzi wake Egira.

4 Ava vatanhatu vakaberekerwa Dhavhidhi muHebhuroni umo maakatonga kwamakore manomwe nemwedzi mitanhatu.

Dhavhidhi akazotonga muJerusarema kwamakore makumi
matatu namatatu 5 uye ava ndivo vana vaakaberekerwa ikoko.
Vaiva:

Shamua, Shobhabhi, Natani naSoromoni. Ava vana vakaberekwa naBhatishebha mwanasikana waAmieri.
6 Kwaivawo naIbhari, Erishua, Erifereti, 7 Noga, Nefegi, Jafia, 8 Erishama,
Eriadha naErifereti, vose vaiva vapfumbamwe.

9 Ava vose vaiva vanakomana vaDhavhidhi, tisingaverengi vanakomana vake vaakaita navarongo vake. Uye Tamari aiva hanzvadzi yavo.

*Madzimambo eJudha*

10 Mwanakomana waSoromoni ainzi Rehobhoamu,
Abhija mwanakomana wake,
Asa mwanakomana wake,
Jehoshafati mwanakomana wake,
11 Jehoramu mwanakomana wake,
Ahazia mwanakomana wake,
Joashi mwanakomana wake,
12 Amazia mwanakomana wake,
Azaria mwanakomana wake,
Jotamu mwanakomana wake,
13 Ahazi mwanakomana wake,
Hezekia mwanakomana wake,
Manase mwanakomana wake,

14 Amoni mwanakomana wake,
Josia mwanakomana wake.
15 Vanakomana vaJosia vaiva:
Johanani dangwe,
Jehoyakimi wechipiri,
Zedhekia wechitatu
naSharumi wechina.
16 Vakatevera Jehoyakimi vaiva:
Jehoyakini mwanakomana wake
naZedhekia.

*Veimba yoUmambo shure kwoUtapwa*

17 Zvizvarwa zvaJehoyakini mutapwa zvaiva:
Shearitieri mwanakomana wake, 18 Marikirami, Pedhaya, Shenazari,
Jekamia, Hoshama naNedhabhia.
19 Vanakomana vaPedhaya vaiva:
Zerubhabheri naShimei.
Vanakomana vaZerubhabheri vaiva:
Meshurami naHanania. Sheromiti aiva hanzvadzi yavo. 20 Kwaivawo
navamwe vashanu vaiti: Hashubha, Oheri, Bherekia, Hasadhia
naJushabhi-Hesedhi.
21 Zvizvarwa zvaHanania zvaiva:
Peratia naJeshaya, navanakomana vaRefaya, vaArinani, vaObhadhia
nevaShekania.
22 Zvizvarwa zvaShekania zvaiva:
Shemaya navanakomana vake vaiti: Hatushi, Igari, Bharia, Nearia
naShafati, vatanhatu vose pamwe chete.
23 Vanakomana vaNearia vaiva:
Erioenai, Hizikia naAzirikamu, vatatu pamwe chete.
24 Vanakomana vaErioenai vaiva:
Hodhavhia, Eriashibhi, Peraya, Akubhi, Johanani, Dheraya naAnani,
vanomwe pamwe chete.

# 4

*Dzimwe Dzimba dzaJudha*

1 Zvizvarwa zvaJudha zvaiva:
Perezi, Hezironi, Karimi, Huri naShobhari.
2 Reaya mwanakomana waShobhari aiva baba vaJahati, uye Jahati ari
baba vaAhumai naRahadhi. Idzi ndidzo dzaiva dzimba dzavaZorati.
3 Ava ndivo vaiva vanakomana vaEtami:
Jezireeri, Ishima naIdhibashi. Hanzvadzi yavo yainzi Hazereriponi.
4 Penueri aiva baba vaGedhori uye Ezeri aiva baba vaHusha.
Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaHuri dangwe raEfurata baba vaB-
heterehema.
5 Ashuri baba vaTekoa vaiva navakadzi vaviri, Hera naNaara.
6 Naara akamuberekera Ahuzami, Heferi, Temeni naHaahashitari. Izvi
ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaNaara.
7 Vanakomana vaHera vaiva:
Zareti, Zohari, Etinani 8 naKozi uyo aiva baba vaAnubhi naHazob-
hebha nevedzimba dzaAhareri mwanakomana waHaruni.

9 Jabhezi aikudzwa zvikuru kukunda vanun'una vake. Mai vake
vakamutumidza kuti Jabhezi vachiti, "Ndakamubereka mukurwadziwa."

[10] Jabhezi akachema kuna Mwari waIsraeri achiti, "Haiwa, dai
mandiropafadza mukakurisa nyika yangu! Ruoko rwenyu ngaruve neni,
rundichengete kune zvinokuvadza kuitira kuti ndisarwadziwa." Uye
Mwari akamupa zvaakakumbira.

[11] Kerubhi, munun'una waShuha aiva baba vaMehiri uyo aiva baba
vaEshitoni. [12] Eshitoni aiva baba vaBheti Rafa, Pasea naTehina baba
vaIri Nahashi. Ava ndivo vaiva varume veReka.

[13] Vanakomana vaKenazi vaiva:
Otinieri naSeraya.
Vanakomana vaOtinieri vaiva:
Hatati naMeonotai. [14] Meonotai aiva baba vaOfira.
Seraya aiva baba vaJoabhu,
baba vaGe Harashimi. Vakapiwa zita iri nokuti vaiva mhizha.
[15] Vanakomana vaKarebhu mwanakomana waJefune vaiva:
Iru, Era naNaami.
Mwanakomana waEra
ainzi Kenazi.
[16] Vanakomana vaJehareri vaiva:
Zifi, Zifa, Tiria naAsareri.
[17] Vanakomana vaEzira vaiva:
Jeteri, Meredhi, Eferi, naJaroni.
Mumwe wavakadzi vaMeredhi akavaberekera Miriamu, Shamai
naIshibha baba vaEshitemoa. [18] Ava ndivo vaiva vana
vomwanasikana waFaro ainzi Bhitia akanga aroorwa naMeredhi.
Mukadzi wake wechiJudha akabereka Jeredhi baba vaGedhori, Hebheri
baba vaSoko, naJekutieri baba vaZanoa.
[19] Vanakomana vomukadzi waHodhia, hanzvadzi yaNahamu vaiva:
baba vaKeira muGarimi naEshitemoa muMaakati.
[20] Vanakomana vaShimoni vaiva:
Amunoni, Rina, Bheni-Hanani naTironi.
Zvizvarwa zvaIshi zvaiva:
Zoheti naBheni-Zoheti.
[21] Vanakomana vaShera mwanakomana waJudha vaiva:
Eri baba vaReka, Raadha baba vaMaresha nedzimba dzavairuka
mucheka wakaisvonaka paBheti Ashibhea.
[22] Jokimi, varume veKozebha naJoashi naSarafi vaitonga muMoabhu
naJashubhi Rehemi. (Zvinyorwa izvi ndezvakare.) [23] Vaiva vaumbi
vehari vaigara paNetaimi nepaGedhera; vaigarapo vachishandira
mambo.

### *Simeoni*

[24] Zvizvarwa zvaSimeoni zvaiva:
Nemueri, Jamini, Jaribhi, Zera naShauri;
[25] Sharumi aiva mwanakomana waShauri, Mibhisami ari mwanako-
mana wake naMishima mwanakomana wake.
[26] Zvizvarwa zvaMishima zvaiva:
Hamueri mwanakomana wake, Zakuri mwanakomana wake naShimei
mwanakomana wake.

[27] Shimei aiva navanakomana gumi navatanhatu navanasikana vatan-
hatu, asi vanun'una vake vaiva vasina vana vakawanda; saka rudzi
rwavo haruna kuwanda sokuwanda kwavanhu vavaJudha. [28] Vaigara

muBheerishebha Moradha, Hazari Shuari, 29 Bhiriha, Ezemi, Toradhi,
30 Bhetueri, Horima, Zikiragi, 31 Bheti Makabhoti, Hazari Susimi, Bheti
Bhiri neSharaimi. Aya ndiwo aiva maguta avo kusvikira pakutonga
kwaDhavhidhi. 32 Misha yaiva yakaapoteredza yaiva: Etami, Aini,
Rimoni, Tokeni neAshani, maguta mashanu 33 nemisha yose yakanga
yakaapoteredza kusvika kuBhaarati. Idzi ndidzo nzvimbo dzavaigara.

Uye vakachengeta nhoroondo yezvizvarwa zvavo:

34 Meshobhabhi, Jamireki,
Josha mwanakomana waAmazia, 35 Joere,
Jehu mwanakomana waJoshibhia, mwanakomana waSeraya, mwanakomana waAsieri,
36 uye Erioenai, Jaakobha, Jeshohaya,
Asaya, Adhieri, Jesimieri, Bhenaya,
37 naZiza mwanakomana waShifi, mwanakomana waAroni mwanakomana waJedhaya, mwanakomana waShimiri, mwanakomana waShemaya.

38 Varume vakanyorwa pamusoro namazita avo vaiva vatungamiri vedzimba dzavo.

Mhuri dzavo dzakakura kwazvo 39 uye vakaenda kumucheto kweGed-
hori kurutivi rwokumabvazuva nomupata vachitsvakira makwai avo
mafuro. 40 Vakawana mafuro akanaka kwazvo akapfuma, uye nyika
yakanaka ine nzvimbo huru ine runyararo norugare. VaHamu ndivo
vakanga vachimbogaramo kare.
41 Varume vane mazita akanyorwa vakauya pamazuva aHezekia mambo
waJudha. Vakarwisa vaHamu mumatende avo navaMeuniwo vaivapo
vakavaparadza zvachose kusvikira nhasi. Ipapo vakazogarapo mun-
zvimbo yavo nokuti paiva namafuro amakwai avo. 42 Uye mazana
mashanu avo vaiva vaSimeoni vachitungamirirwa naPeratia, Nearia,
Refaya naUzieri, vanakomana vaIshi, vakandorwisa nyika yamakomo
yeSeiri. 43 Vakauraya vaAmareki vakanga vasara avo vakanga vapunyuka,
uye vakagarapo kusvikira nhasi.

# 5

*Rubheni*

1 Vanakomana vaRubheni dangwe raIsraeri. (Ndiye aiva dangwe,
asi paakasvibisa nhoo yewaniso yababa vake, kodzero dzoudan-
gwe hwake dzakapiwa kuvanakomana vaJosefa mwanakomana
waIsraeri; saka haana kuzoverengerwawo munhoroondo dza-
madzitateguru ake maererano nekodzero yokuberekwa kwake.
2 Uye kunyange zvazvo Judha aiva akasimba kwazvo kup-
fuura vana vababa vake vose, uye kunyange zvazvo mu-
tongi akazobuda maari, kodzero youdangwe yaiva yaJosefa.)
3 Vanakomana vaRubheni dangwe raIsraeri vaiva:

Hanoki, Paru, Hezironi naKarimi.
4 Zvizvarwa zvaJoere zvaiva:
Shemaya mwanakomana wake, Gogi mwanakomana wake,

Shimei mwanakomana wake, 5 Mika mwanakomana wake,
Reaya mwanakomana wake, naBhaari mwanakomana wake.
6 Uye naBheera mwanakomana wake uyo akatorwa akaiswa muutapwa naTigirati-Pireseri mambo weAsiria. Bheera akanga ari mutungamiri wavaRubheni.
7 Hama dzavo nedzimba dzavo dzakanyorwa munhoroondo dzamadzitateguru avo dzaiva:
Jeyeri aiva Ishe, naZekaria uye 8 Bhera mwanakomana waAzazi, mwanakomana waShema, mwanakomana waJoere.

Vakagara munzvimbo yaibva kuAroeri kusvikira kuNebho neBhaari
Meoni. 9 Kumabvazuva vakatora nyika kusvikira pamuganhu wegwenga
rinosvika kuRwizi Yufuratesi nokuti zvipfuwo zvavo zvakanga zvawanda muGireadhi.
10 Panguva yokutonga kwaSauro vakarwa navaHagiri vakavakunda vakagara mumatende avaHagiri mudunhu rose rokumabvazuva eGireadhi.

*Gadhi*

11 VaGadhi vakanga vakavakidzana navo muBhashani kusvikira kuSareka:

12 Joere ndiye aiva ishe, Shafami ari wechipiri, kuchizotevera Janai naShafati, muBhashani.
13 Hama dzavo, tichiverenga mhuri dzavo, dzaiva:
Mikaeri, Meshurami, Shebha, Jorai, Jakani, Zia naEbheri, vanomwe pamwe chete.
14 Ava ndivo vaiva vanakomana vaAbhihairi mwanakomana waHuri, mwanakomana waJarowa, mwanakomana Gireadhi, mwanakomana waMikaeri, mwanakomana waJeshishai, mwanakomana waJadho, mwanakomana waBhuzi.
15 Ahi mwanakomana waAbhidhieri, mwanakomana waGuni, ndiye aiva mukuru wemhuri yavo.

16 VaGadhi vaigara muGireadhi, muBhashani nomumisha yaro yakaripoteredza, uye nomumafuro ose eSharoni kusvikira kwaanogumira.
17 Iva vose vakanyorwa munhoroondo dzamadzitateguru avo munguva yokutonga kwaJotamu mambo weJudha naJerobhoamu mambo weIsraeri.

18 VaRubheni, vaGadhi nehafu yorudzi rwaManase vaiva navarume
zviuru makumi mana nezvina namazana manomwe namakumi matanhatu vakanga vakagadzirira kundorwa, varume vakasimba vaigona kushandisa nhoo nomunondo, uye vaigona kushandisa uta, uye vakanga
vakadzidziswa kurwa. 19 Vakarwa navaHagiri, vaJeturi, vaNafishi navaN-
odhabhi. 20 Vakabatsirwa pakurwa navo, uye Mwari akaisa vaHagiri, navose vaiva kurutivi rwavo, mumaoko avo, nokuti vakanga vachema kwaari vari pakurwa. Akapindura minyengetero yavo nokuti vakavimba
naye. 21 Vakapamba zvipfuwo zvavaHagiri zvaiti: zviuru makumi mashanu zvengamera, zviuru mazana maviri ane makumi mashanu zvamakwai nezviuru zviviri zvembongoro. Vakatapawo zviuru zana
zvavanhu, 22 uye vamwe vazhinji vakaurayiwa nokuti kurwa uku kwaiva
kwaMwari. Uye vakagara munyika iyoyi kusvikira pakutapwa.

*Hafu yorudzi rwaManase*

23 Vanhu vehafu yorudzi rwaManase vaiva vazhinji kwazvo vakagara munyika yaibva kuBhashani ichisvika kuBhari Hemoni ndiko kuSeniri (Gomo reHemoni).

24 Ava ndivo vaiva vakuru vedzimba dzavo: Eferi, Ishi, Erieri, Azireri, Jeremia, Hodhavhia naJadhieri. Ava vaiva varwi vakashinga, varume
vembiri uye vari vakuru vedzimba dzavo. 25 Asi vakanga vasina
kutendeka kuna Mwari wamadzibaba avo, vakaita ufeve hwokunamata vamwari vavanhu venyika iyi avo vakanga vaparadzwa naMwari pamberi
pavo. 26 Saka Mwari waIsraeri akamutsa mweya waPuri mambo weAsiria
iwo mweya waTigirati-Pireseri mambo weAsiria, akatapa vaRubheni, vaGadhi nehafu yorudzi rwaManase. Akavatora akandovaisa kuHarahi, Habhori, Hara nokurwizi Gozani uko kwavari kusvikira zuva ranhasi.

# 6

*Revhi*

1 Vanakomana vaRevhi vaiva
Gerishoni, Kohati naMerari.
2 Vanakomana vaKohati vaiva:
Amiramu, Izhari, Hebhuroni naUzieri.
3 Vana vaAmiramu vaiva:
Aroni, Mozisi naMiriamu.
Vanakomana vaAroni vaiva:
Nadhabhi, Abhihu, Ereazari naItamari.
4 Ereazari aiva baba vaFinehasi,
Finehasi baba vaAbhishua,
5 Abhishua baba vaBhuki,
Bhuki baba vaUzi,
6 Uzi baba vaZerahia,
Zerahia baba vaMerayoti,
7 Merayoti baba vaAmaria,
Amaria baba vaAhitubhi,
8 Ahitubhi baba vaZadhoki,
Zadhoki baba vaAhimaazi,
9 Ahimaazi baba vaAzaria,
Azaria baba vaJohanani,
10 Johanani baba vaAzaria.
(Ndiye aibata basa somuprista mutemberi yakavakwa naSoromoni muJerusarema.)
11 Azaria baba vaAmaria,
Amaria baba vaAhitubhi.
12 Ahitubhi baba vaZadhoki,
Zadhoki baba vaSharumi,
13 Sharumi baba vaHirikia,
Hirikia baba vaAzaria,
14 Azaria baba vaSeraya
uye Seraya baba vaJehozadhaki.
15 (Jehozadhaki akadzingwa Jehovha paakaendesa Judha neJerusarema kuutapwa noruoko rwaNebhukadhinezari.)

16 Vanakomana vaRevhi vaiva:
Gerishoni, Kohati naMerari.
17 Aya ndiwo mazita avanakomana vaGerishoni:
Ribhini naShimei.

18 Vanakomana vaKohati vaiva:
Amiramu, Izhari, Hebhuroni naUzieri.
19 Vanakomana vaMerari vaiva:
Mairi naMushi.

Idzi ndidzo dzimba dzavaRevhi dzakanyorwa maererano namazita amadzibaba avo:

20 VaGerishoni:
Ribhini mwanakomana wake, Jehati mwanakomana wake
naZima mwanakomana wake, 21 Joa mwanakomana wake
Idho mwanakomana wake, Zera mwanakomana wake
naJeaterai mwanakomana wake.
22 Zvizvarwa zvaKohati zvaiva:
Aminadhabhi mwanakomana wake, Kora mwanakomana wake,
Asiri mwanakomana wake, 23 Erikana mwanakomana wake,
naEbhiasafi mwanakomana wake, Asiri mwanakomana wake,
24 naTahati mwanakomana wake, Urieri mwanakomana wake,
Uzia mwanakomana wake naShauri mwanakomana wake.
25 Zvizvarwa zvaErikana zvaiva:
Amasai, Ahimoti,
26 Erikana mwanakomana wake, Zofai mwanakomana wake,
naNahati mwanakomana wake, 27 naEriabhi mwanakomana wake,
Jerohamu mwanakomana wake, naErikana mwanakomana wake,
naSamueri mwanakomana wake,
28 Vanakomana vaSamueri vaiva:
Joere dangwe rake
naAbhija mwanakomana wake wechipiri.
29 Zvizvarwa zvaMerari zvaiva:
Mari, Ribhini mwanakomana wake,
Shimei mwanakomana wake, Uza mwanakomana wake,
30 Shimea mwanakomana wake, Hagia mwanakomana wake
naAsaya mwanakomana wake.

### *Vaimbi vomuTemberi*

31 Ava ndivo varume vakagadzwa naDhavhidhi kuti vafambise basa
rokuimba muimba yaJehovha mushure mokunge areka yawana poku-
zorora imomo. 32 Vaishumira uye vaiimba pamberi petabhenakeri,
muTende Rokusangana, kusvikira Soromoni avaka temberi yaJehovha
muJerusarema. Vaibata basa ravo maererano nemitemo yavakanga
vakadzikirwa.

33 Ava ndivo varume vaibata basa pamwe chete navanakomana vavo:

kubva kuvaKohati:
Hemani muimbi,
mwanakomana waJoere, mwanakomana waSamueri,
34 mwanakomana waErikana,
mwanakomana waJerohamu, mwanakomana waErieri, mwanakomana waToa,
35 mwanakomana waZufi, mwanakomana waErikana,
mwanakomana waMahati, mwanakomana waAmasai,
36 mwanakomana waErikana, mwanakomana waJoere,
mwanakomana waAzaria, mwanakomana waZefania,

37 mwanakomana waTahati, mwanakomana waAsiri,
mwanakomana waEbhiasafi; mwanakomana waKora,
38 mwanakomana waIzhari, mwanakomana waKohati,
mwanakomana waRevhi mwanakomana waIsraeri.
39 Uye mubatsiri waHemani pabasa ainzi Asafi akanga amire kurudyi
rwake:
Asafi mwanakomana waBherekia mwanakomana waShimea,
40 mwanakomana waMikaeri,
mwanakomana Bhaaseya, mwanakomana waMarikia,
41 mwanakomana waEtini,
mwanakomana waZera, mwanakomana waAdhaya,
42 mwanakomana waEtani, mwanakomana waZima,
mwanakomana waShimei, 43 mwanakomana waJahati,
mwanakomana waGerishoni, mwanakomana waRevhi;
44 uye kubva kuvabatsiri vavo, vaMerari, kuruboshwe rwake, vaiva:
Etani mwanakomana waKishi, mwanakomana waAbhidhi,
mwanakomana waMaruki, 45 mwanakomana waHashabhia,
mwanakomana waAmazia, mwanakomana waHirikia,
46 mwanakomana waAmuzi, mwanakomana waBhani,
mwanakomana waShemeri, 47 mwanakomana waMari,
mwanakomana waMushi, mwanakomana waMerari,
mwanakomana waRevhi.

48 Vamwe vavo vaRevhi vakapiwa mamwe mabasa ose omutabhenakeri,
imba yaMwari. 49 Asi Aroni nezvizvarwa zvake ndivo vaiisa zvipiriso
paaritari yezvipiriso zvinopiswa uye nepaaritari yezvinonhuhwira maer-
erano nezvose zvaiitwa paNzvimbo Tsvene-tsvene, vachiyananisira Israeri
maererano nezvose zvakanga zvarayirwa Mozisi muranda waMwari.

50 Izvi ndizvo zvizvarwa zvaAroni:
Ereazari mwanakomana wake, Finehasi mwanakomana wake,
Abhishua mwanakomana wake 51 Bhuki mwanakomana wake,
Uzi mwanakomana wake naZerahia mwanakomana wake,
52 Merayoti mwanakomana wake, Amaria mwanakomana wake,
Ahitubhi mwanakomana wake, 53 Zadhoki mwanakomana wake
naAhimaazi mwanakomana wake.

54 Idzi ndidzo dzakanga dziri nzvimbo dzavo dzavakagoverwa
dzokugara senyika yavo (dzakapiwa kuzvizvarwa zvaAroni, avo
vaibva kuimba yaKohati, nokuti mugove wokutanga wakanga
uri wavo).
55 Vakapiwa Hebhuroni iri muJudha namafuro ose akaipoteredza. 56 Asi
minda nemisha yose yakapoteredza guta iri yakapiwa kuna Karebhu
mwanakomana waJefune. 57 Saka zvizvarwa zvaAroni zvakapiwa
Hebhuroni (Guta routiziro) uye Ribhina, Jatiri, Eshitemoa, 58 Hireni,
Dhebhiri, 59 Ashani, Juta, Bheti Shemeshi pamwe chete namafuro awo.
60 Uye kubva kurudzi rwaBhenjamini vakapiwa Gibheoni, Gebha
Aremeti neAnatoti pamwe chete namafuro awo.
Maguta aya, akagoverwa pakati pedzimba dzavaKohati akanga ari
gumi namatatu pamwe chete.

61 Zvimwe zvizvarwa zvaKohati zvakagoverwa maguta gumi kubva
kudzimba dzorudzi rwehafu rwaManase.

62 Zvizvarwa zvaGerishoni mhuri nemhuri zvakagoverwawo maguta
gumi namatatu kubva kumarudzi aIsakari, Asheri naNafutari uye
nokubva kuchikamu chorudzi rwaManase chiri muBhashani.
63 Zvizvarwa zvaMerari, mhuri nemhuri zvakagoverwa maguta gumi
namaviri kubva kumarudzi aRubheni, Gadhi naZebhuruni.

64 Saka vaIsraeri vakapa vaRevhi maguta aya namafuro awo.

65 Kubva kurudzi rwaJudha, rwaSimeoni norwaBhenjamini vakagov-
erwa maguta ayo akanga arehwa namazita.

66 Vamwe vedzimba dzaKohati vakapiwa kuti ive nyika yavo,
maguta kubva kurudzi rwaEfuremu.
67 Munyika yamakomo yaEfuremu vakapiwa Shekemu (guta routiziro)
neGezeri, 68 neJokimeami, neBheti Horoni, 69 Aijaroni, neGati Rimoni
pamwe chete namafuro awo.
70 Uye kubva kuhafu yorudzi rwaManase vaIsraeri vakapawo Aneri
neBhireamu pamwe chete namafuro awo kuvaKohati vakanga vasara.

71 VaGerishoni vakagamuchirawo zvinotevera:
Kubva kuimba yehafu yorudzi rwaManase vakagamuchira Gorani
muBhashani neAshitarotiwo pamwe chete namafuro awo;
72 kubva kurudzi rwaIsakari vakagamuchira Kedheshi neDhabherati,
73 Ramoti, neAnemi, pamwe chete namafuro awo;
74 kubva kurudzi rwaAsheri vakagamuchira Mashari, neAbhidhoni,
75 Hukoki neRehobhi pamwe chete namafuro awo;
76 uye kubva kurudzi rwaNafutari vakagamuchira Kedheshi muGarirea,
neHamoni neKiriataimi pamwe chete namafuro awo.

77 VaMerari (vaRevhi vose vakanga vasara) vakagamuchira
zvinotevera:
Kubva kurudzi rwaZebhuruni vakagamuchira Jokineami, Karita Ri-
mono, neTabhori pamwe chete namafuro awo;
78 kubva kurudzi rwaRubheni mhiri kworwizi Jorodhani kumabvazuva
kweJeriko vakagamuchirwawo Bhezeri murenje, Jaza, 79 Kedhemoti
neMefaati pamwe chete namafuro awo;
80 uye kubva kurudzi rwaGadhi vakagamuchira Ramoti muGireadhi,
Mahanaimi, 81 Heshibhoni neJazeri pamwe chete namafuro awo.

# 7

*Isakari*

1 Vanakomana vaIsakari vaiva:
Tora, Puwa, Jashubhi, naShimironi; vose vaiva vana.
2 Vanakomana vaTora vaiva:
Uzi, Refaya, Jerieri, Jamai, Ibhisami naSamueri, vakuru vedzimba
dzavo. Pamazuva okutonga kwaDhavhidhi, zvizvarwa zvaTora
zvakaverengwa savarwi munhoroondo yavo zvakasvika zviuru
zvina makumi maviri nezviviri namazana matanhatu.
3 Mwanakomana waUzi aiva:
Izirahia.

Vanakomana vaIzirahia vaiva:
Mikaeri, Obhadhia, Joere naIshia. Vose vari vashanu vaiva madzishe.
4 Munhoroondo yemhuri yavo, vakanga vaine varume zviuru makumi matatu nezvitanhatu vakanga vakagadzirira kurwa, nokuti vakanga vaine vakadzi vazhinji navanakomana vazhinji.
5 Hama dzavo vakanga vari varume vokurwa vari vedzimba dzose dzaIsakari, sokunyorwa kwazvakanga zvakaita munhoroondo yavo, vose vaisvika zviuru makumi masere nezvinomwe.

*Bhenjamini*

6 Vanakomana vaBhenjamini vatatu vaiva:
Bhera, Bhekeri, naJedhiaeri.
7 Vanakomana vaBhera vaiva:
Ezibhoni, Uzi, Uzieri, Jerimoti naIri, vose vakuru vedzimba vashanu pamwe chete. Munhoroondo yavo varwi vakanyorwa vaiva varume zviuru makumi maviri nezviviri namakumi matatu navana.
8 Vanakomana vaBhekeri vaiva:
Zemira, Joashi, Eriezeri, Erioenai, Omiri, Jeremoti, Abhija, Anatoti
naAremeti. Vose ava vaiva vakomana vaBhekeri. 9 Munhoroondo
yavo, vakuru vemhuri vakanyorwa uye vari varwi vaiva zviuru makumi maviri namazana maviri.
10 Mwanakomana waJedhiaeri
ainzi Bhirihani.
Vanakomana vaBhirihani vaiva:
Jehushi, Bhenjamini, Ehudhi, Kenana, Zetani, Tashishi naAhishahari.
11 Vanakomana ava vose vaJedhiaeri vaiva vakuru vemhuri. Paiva nezviuru gumi nezvinomwe namazana maviri avarume vokurwa vakanga vakagadzirira kuenda kuhondo.
12 VaShupi navaHupi vaiva zvizvarwa zvaIri, uye vaHushi vaiva zvizvarwa zvaAheri.

*Nafutari*

13 Vanakomana vaNafutari vaiva:
Jazieri, Guni, Jezeri naShiremi, zvizvarwa zvaBhiriha.

*Manase*

14 Zvizvarwa zvaManase zvaiva:
Asirieri chizvarwa chake kubudikidza nomurongo wake muAramu.
Iye akaberekawo Makiri baba vaGireadhi. 15 Makiri akatora
mukadzi kubva pakati pavaHupi navaShupi. Zita rehanzvadzi
yake rainzi Maaka. Chimwezve chizvarwa chainzi Zerofehadhi,
akanga aine vanasikana chete. 16 Mukadzi waMakiri Maaka
akabereka mwanakomana akamutumidza zita rokuti Pereshi. Munun'una wake ainzi Shereshi, uye vanakomana vake vaiva Uramu naRakemu.
17 Mwanakomana waUramu
ainzi Bhedhani.
Ava ndivo vaiva vanakomana vaGireadhi mwanakomana waMakiri mwanakomana waManase.
18 Hanzvadzi yake Hamoreketi akabereka Ishodhi, Abhiezeri naMara.
19 Vanakomana vaShimidha vaiva:
Ahiani, Shekemu, Riki naAniami.

*Efuremu*

20 Zvizvarwa zvaEfuremu zvaiva:

Shutera, Bheredhi mwanakomana wake,
Tahati mwanakomana wake, Ereadha mwanakomana wake,
Tahati mwanakomana wake, 21 Zabhadhi mwanakomana wake
naShutera mwanakomana wake.
(Ezeri naEreadha vakaurayiwa navarume veGati vakanga vakaberekerwa munyika iyi pavakaburukira kundopamba zvipfuwo zvavo.
22 Baba wavo Efuremu akavachema kwamazuva mazhinji uye hama
dzake dzakauya kuzomunyaradza. 23 Ipapo akarara nomukadzi
wake zvakare akava nemimba uye akabereka mwanakomana. Akamutumidza zita rokuti Bheria nokuti mumhuri yake makanga maita
dambudziko. 24 Mwanasikana wake ainzi Sheera, uye akavaka Bheti
Horoni, yeZasi neyokumusoro uyewo neUzeni Sheera.)
25 Refa aiva mwanakomana wake, Reshefi mwanakomana wake,
Tera mwanakomana wake, Tahani mwanakomana wake,
26 Radhani mwanakomana wake, Amihudhi mwanakomana wake,
Erishama mwanakomana wake, 27 Nuni mwanakomana wake
naJoshua mwanakomana wake.
28 Nyika dzavo nemisha yavo zvaisanganisira Bheteri nemisha yose yakaripoteredza, Naarani kumabvazuva, Gezeri nemisha yaro, kumavirira neShekemu nemisha yaro kuenda kunosvika
kuAya nemisha yaro. 29 Pamiganhu yaManase paiva neBheti
Shani, Taanaki, Megidho neDhori pamwe chete nemisha yawo. Zvizvarwa zvaJosefa mwanakomana waIsraeri zvaigara mumaguta aya.

### *Asheri*

30 Vanakomana vaAsheri vaiva:
Imina, Ishivha, Ishivhi naBheria. Hanzvadzi yavo yainzi Sera.
31 Vanakomana vaBheria vaiva:
Hebheri naMarikieri, uyo aiva baba vaBhirizaiti.
32 Hebheri aiva baba vaJafireti, Shomeri naHotami uye nehanzvadzi yavo Shua.
33 Vanakomana vaJafireti vaiva:
Pasaki, Bhimari naAshivhati.
Ava ndivo vaiva vanakomana vaJafireti.
34 Vanakomana vaShomeri vaiva:
Ahi, Roga, Hubhai naAramu.
35 Vanakomana vomunun'una wake Heremu vaiva:
Zofa, Imina, Shereshi, naAmari.
36 Vanakomana vaZofa vaiva:
Sua, Haneferi, Shuari, Bheri, Imira, 37 Bhezeri, Hodhi, Shama Shirisha, Itirani, naBheera.
38 Vanakomana vaJeteri vaiva:
Jefune, Pisipa naAra.
39 Vanakomana vaUra vaiva:
Ara, Hanieri, naRizia.
40 Vose ava vaiva zvizvarwa zvaAsheri, vakuru vemhuri yavo, varume vakanga vakasarudzika, varwi vakanga vakashinga uye vari vatungamiri vakasanangurika. Uwandu hwavarume vakanga vakagadzirira kurwa sezvazvakanyorwa munhoroondo yavo hwaiva zviuru makumi maviri nezvitanhatu.

# 8

*Nhoroondo yaSauro muBhenjamini*

1 Bhenjamini aiva baba
vaBhera dangwe rake,
Ashibheri mwanakomana wechipiri, Ahara wechitatu,
2 Noha wechina naRafa wechishanu.
3 Vanakomana vaBhera vaiva:
Adha, Gera, Abhihudhi, 4 Abhishua, Naamani Ahoa, 5 Gera, Shefufani naHurami.
6 Izvi ndizvo zvaiva zvizvarwa zvaEhudhi vakanga vari vakuru vemhuri yeavo vaigara muGebha vakazodzingwa vakaendeswa kuManahati:
7 Naamani, Ahifa naGera, uyo akavadzinga uya aiva baba vaUza naArihudhi.
8 Vanakomana vakaberekerwa Shaharaimi muMoabhu mushure mokunge arambana navakadzi vake Hushini naBhaara. 9 Nomukadzi
wake Hodheshi akabereka Johabhi, Zibhia, Mesha Marikami, 10 Jeuzi,
Sakia naMirima. Ava ndivo vaiva vanakomana vake, vakuru vemhuri.
11 NaHushimi akabereka Abhitubhi naEripaari.
12 Vanakomana vaEripaari vaiva:
Ebheri, Mishamu, Shemedhi (uyo akavaka Ono neRodhi pamwe chete nemisha yakaapoteredza) 13 naBheria naShema, avo vakanga vari vakuru vemhuri dzaavo vaigara muAijaroni uye vakadzinga vagari veGati.
14 Ahiyo, Shashaki, Jeremoti, 15 Zebhabhia, Aradhi, Edheri, 16 Mikaeri, Ishipa naJoha vaiva vanakomana vaBeria.
17 Zebhadhia, Meshurami, Hiziki, Hebheri, 18 Ishimerai, Iziria naJobhabhi vaiva vanakomana vaEripaari.
19 Jakimi, Zikiri, Zabhidhi, 20 Erienai, Ziretai, Erieri, 21 Adhaya, Bheraya naShimirati vaiva vanakomana vaShimei.
22 Ishipani, Ebheri, Erieri, 23 Abhidhoni, Zikiri, Hanani, 24 Hanania, Eramu Anitotiya, 25 Ifidheya naPenueri vaiva vanakomana vaShashaki.
26 Shamisherai, Sheharia, Ataria, 27 Jaareshia, Eria, naZikiri vaiva vanakomana vaJerohamu.
28 Vose ava vaiva vakuru vemhuri, vari madzishe sezvazvakanyorwa munhoroondo dzavo. Uye vaigara muJerusarema.

29 Jeyeri, baba vaGibheoni vaigara muGibheoni.
Zita romukadzi wake rainzi Maaka, 30 uye mwanakomana wake wedangwe ainzi Abhidhoni, achiteverwa naZuri, Kishi, Bhaari, Neri,
Nadhabhi, 31 Gedhori, Ahio, Zekeri, 32 uye Mikiroti, uyo aiva baba vaShimea. Ivo vaigarawo pedyo nehama dzavo muJerusarema.
33 Neri aiva baba vaKishi, Kishi aiva baba vaSauro, uye Sauro aiva baba vaJonatani, Mariki-Shua, Abinadhabhi, naEshi-Bhaari.
34 Mwanakomana waJonatani ainzi
Meribhi-Bhaari uyo aiva baba vaMika.
35 Vanakomana vaMika vaiva:
Pitoni, Mereki Tarea, naAhazi.
36 Ahazi aiva baba vaJehoadha, Jehoadha aiva baba vaAremeti, Azimavheti naZimiri uye Zimiri aiva baba vaMoza. 37 Moza aiva baba
vaBhinea Rafa aiva mwanakomana wake, Ereasa mwanakomana wake naAzeri mwanakomana wake.

38 Azeri aiva navanakomana vatanhatu, uye aya ndiwo mazita avo:
Arizakami, Bhokeru, Ishumaeri, Shearia, Obhadhia naHanani. Vose ava vaiva vanakomana vaAzeri.
39 Vanakomana vomunun'una wake Esheki vaiva:
Uramu dangwe rake, Jeushi mwanakomana wake wechipiri naErifereti wechitatu.
40 Vanakomana vaUramu vaiva varwi voumhare vaigona kushandisa uta. Vaiva navanakomana navazukuru vazhinji vaisvika zana namakumi mashanu pamwe chete.
Vose ava vaiva zvizvarwa zvaBhenjamini.

# 9

1 VaIsraeri vose vakanyorwa munhoroondo dzakanyorwa mubhuku ramadzimambo eIsraeri.

*Vanhu vaigara muJerusarema*

VaJudha vakatapwa vakaendeswa kuBhabhironi nokuda kwokusatendeka kwavo.
2 Zvino vakatanga kugara panyika yavo mumaguta avo vaiva vamwe vaIsraeri, vaprista, vaRevhi navaranda vomutemberi.

3 Avo vaibva kuJudha, nevaibva kwaBhenjamini nevaibva kwaEfuremu naManase vaigara muJerusarema vaiva:
4 Utai mwanakomana waAmihudhi, mwanakomana waOmuri, mwanakomana waImiri, mwanakomana waBhani, chizvarwa chaPerezi mwanakomana waJudha.
5 VaShiro:
Asaya uyo aiva dangwe navanakomana vake.
6 VaZerahi:
Jeueri.
Vanhu vaibva kuJudha vaiva mazana matanhatu namakumi mapfumbamwe.

7 VaBhenjamini:
Saru mwanakomana waMeshurami, mwanakomana waHodhavhia, mwanakomana waHasenua;
8 Ibhineya mwanakomana waJerohamu;
Era mwanakomana waUzi, mwanakomana waMikiri;
naMeshurami mwanakomana waShefatia, mwanakomana waReueri, mwanakomana waIbhiniya.
9 Vanhu vorudzi rwaBhenjamini sezvazvakanyorwa munhoroondo yavo, vaisvika mazana mapfumbamwe namakumi mashanu navatanhatu. Varume ava vose vakanga vari vakuru vemhuri.

10 Vaprista:
Jedhaya, naJehoyaribhi naJakini;
11 Azaria mwanakomana waHirikia, mwanakomana waMeshurami, mwanakomana waZadhoki, mwanakomana waMerayoti, mwanakomana waAhitubhi, mubati mukuru muimba yaMwari.
12 Adhaya mwanakomana waJerohamu, mwanakomana waPashuri, mwanakomana waMarikia;

naMaasai mwanakomana waAdhieri, mwanakomana waJahazera, mwanakomana waMeshurami, mwanakomana waMeshiremiti, mwanakomana waIma.

13 Vaprista, vaiva vakuru vemhuri, vaisvika chiuru namazana manomwe namakumi matanhatu. Vose vaiva varume vaikwanisa uye vaibata basa rokushumira muimba yaMwari.

14 VaRevhi:

Shemaya mwanakomana waHashubhi, mwanakomana waAzirikami, mwanakomana waHashabhia, muMerari;

15 Bhakibhaka, Hereshi, Garari naMatania mwanakomana waMika, mwanakomana waZikiri, mwanakomana waAsafi;

16 Obhadhia mwanakomana waShemaya, mwanakomana waGarari, mwanakomana waJedhutuni;

naBherekia mwanakomana waAsa, mwanakomana waErikana, vaigara mumisha yavaNetofati.

17 Vatariri vamasuo:

Sharumi, Akubhi, Tarimoni, Ahimani navanun'una vavo, Sharumi ari
mukuru wavo, 18 vakaiswa paSuo raMambo kumabvazuva, kusvikira
nanhasi. Ava ndivo vaiva vatariri vamasuo, okumusasa wavaRevhi.

19 Sharumi mwanakomana waKore mwanakomana waEbhiasafi, mwanakomana waKora navamwe vatariri vamasuo vokumhuri yake, vaKora, vaiva nebasa rokuchengetedza mikova yeTende sezvaingoitwa namadzibaba avo vakanga vane basa rokurinda suo rokupinda kuugaro hwaJehovha.

20 Panguva dzapakutanga Finehasi mwanakomana waEreazari ndiye aiva mukuru wavatariri vamasuo, uye Jehovha aiva naye.

21 Zekaria mwanakomana waMesheremia aiva mutariri wesuo pamukova weTende Rokusangana.

22 Vose pamwe chete vakanga vasarudzwa kuti vave vatariri vamasuo pamikova vaisvika mazana maviri negumi navaviri.

Vakanga vakanyorwa munhoroondo dzokuberekwa dzemisha yavo.
Vatariri vamasuo vakapiwa mabasa avo nenzvimbo dzavo naDhavhidhi
naSamueri muoni. 23 Ivo nezvizvarwa zvavo vaiva nebasa rokurinda
masuo eimba yaJehovha, imba yainzi Tende. 24 Vatariri vamasuo vaiva ku-
mativi mana, kumabvazuva, kumavirira, kumusoro nezasi. 25 Vanun'una
vavo mumisha yavo vaiuya nguva nenguva vachizogoverana mabasa
avo vachiita madzoro amazuva manomwe. 26 Asi vakuru vana pakati
pavatariri vamasuo, vaiva vaRevhi, vakapiwa basa rokuchengetedza
makamuri namatura epfuma muimba yaMwari. 27 Vaipedza usiku hwose
vari panzvimbo dzavo vakapoteredza imba yaMwari, nokuti vaifanira
kuichengetedza; uye vaiva nebasa rokuizarura mangwanani oga oga.

28 Vamwe vavo vaiva nebasa rokuchengetedza midziyo yaishandiswa
muTemberi; vaiiverenga ichibuda voiverengazve yodzorerwa. 29 Vamwe
vakapiwa basa rokuti vachengetedze nhumbi nemimwe midziyo yose
yapanzvimbo tsvene pamwe chete noupfu hwakatsetseka newaini, na-
mafuta, nezvinonhuhwira nemiti inonhuhwira. 30 Asi vamwe vavaprista
vaiitawo basa rokusanganisa miti inonhuhwira. 31 MuRevhi ainzi
Matitia, dangwe raSharumi muKora, akagadzwa basa rokubika chingwa

chechipiriso. 32 Vamwe vehama dzavo vaKohati vakapiwa basa rokubika
chingwa chaizoiswa patafura pamaSabata ose.
33 Avo vaiva vaimbi, vakuru vemhuri dzavaRevhi, vaigara mumakamuri
omuTemberi uye vaisaita mamwe mabasa ose nokuti vaifanira kuita basa
iri masikati nousiku.
34 Ava vose vaiva vakuru vemhuri dzavaRevhi, vakuru sezvavakanyorwa munhoroondo dzokuberekwa kwavo. Uye vaigara muJerusarema.

### *Nhoroondo yoRudzi rwaSauro*

35 Jeyeri baba vaGibheoni aigara muGibheoni.
Mukadzi wake ainzi Maaka, 36 uye dangwe rake raivawo Abhidhoni,
achiteverwa naZuri, Kishi, Bhaari, Neri, Nadhabhi, 37 Gedhori, Ahio,
Zekaria naMikiroti. 38 Mikiroti aiva baba vaShimeamu. Ivowo
vaigara pedyo nehama dzavo muJerusarema.
39 Neri aiva baba vaKishi, Kishi ari baba vaSauro, uye Sauro aiva baba
vaJonatani, Mariki-Shua, Abhinadhabhi naEshi-Bhaari.
40 Mwanakomana waJonatani ainzi
Meribhi-Bhaari uye aiva baba vaMika.
41 Vanakomana vaMika
vaiva Pitoni: Mereki, Tahirea naAhazi.
42 Ahazi aiva baba vaJadha, Jadha aiva baba vaAremeti, Azimavheti
naZimiri, uye Zimiri aiva baba vaMoza. 43 Moza aiva baba vaBhinea;
Refaya aiva mwanakomana wake, Ereasa mwanakomana wake
naAzeri mwanakomana wake.
44 Azeri aiva navanakomana vatanhatu, uye aya ndiwo mazita avo:
Azirikami, Bhokeru, Ishumaeri, Sheariya, Obhadhia naHanani. Ava
ndivo vaiva vana vaAzeri.

# 10

### *Sauro anozviuraya*

1 Zvino vaFiristia vakarwisa vaIsraeri; vaIsraeri vakatiza pamberi
pavo, vazhinji vakaurayiwa paGomo reGiribhoa. 2 VaFiristia vakatevera
Sauro navanakomana vake kwazvo uyezve vakauraya vanakomana vake
Jonatani, Abhinadhabhi naMariki-Shua. 3 Hondo yakarwiwa zvinotyisa
kumativi ose aSauro uye vapfuri vouta pavakamubata, vakamukuvadza.
4 Sauro akati kumubati wenhumbi dzake dzokurwa, "Vhomora
munondo wako undibaye nawo kuti varume ava vasina kudzingiswa
varege kuuya vakanditambudza."
Asi mubati wenhumbi dzake dzokurwa akatya kwazvo akasada kuzviita; saka Sauro akatora munondo wake akazviwisira pauri. 5 Mubati
wenhumbi dzake dzokurwa paakaona kuti Sauro afa, iyewo akazviwisira
pamunondo wake akafa. 6 Saka Sauro navanakomana vake vatatu neimba
yake yose vakafa pamwe chete.
7 Zvino vaIsraeri vose vakanga vagere pamupata vakati vaona kuti varwi
vose vakanga vatiza uye Sauro navanakomana vake vatatu vakanga vafa,
vakasiya maguta avo vakatiza. Uye vaFiristia vakauya vakagara maari.
8 Zuva raitevera, vaFiristia pavakauya kuzokutunura nhumbi
dzavakanga vafa; vakawana Sauro navanakomana vake vakafa pagomo
reGiribhoa. 9 Vakamukutunura nhumbi dzake uye vakatora musoro
wake nezvombo zvake vakatuma nhume munyika yose yavaFiristia kuti
vandoparadzira shoko iri pakati pavamwari vavo uye navanhu vavo.

10 Vakaisa zvombo zvake mutemberi yavamwari vavo vakaturika musoro
wake mutemberi yaDhagoni.

11 Vagari vose vomuJabheshi Gireadhi pavakanzwa zvose zvakanga
zvaitwa navaFiristia kuna Sauro, 12 mhare dzose dzakasimuka dzikando-
tora zvitunha zvaSauro, navanakomana vake vakauya nazvo kuJabheshi
vakaviga mapfupa avo pamuti mukuru weJabheshi uye vakatsanya
kwamazuva manomwe.

13 Sauro akafa nokuti akanga asina kutendeka kuna Jehovha, haana
kuchengeta shoko raJehovha uyezve akandobvunzira kumasvikiro kuti
atungamirirwe. 14 Haana kubvunza kuna Jehovha. Saka Jehovha
akamuuraya akapa umambo kuna Dhavhidhi mwanakomana waJese.

# 11

### *Dhavhidhi anova Mambo weIsraeri*

1 VaIsraeri vose vakaungana kuna Dhavhidhi paHebhuroni vakati, "Isu
tiri nyama yenyu neropa renyu. 2 Kare kunyange Sauro paaiva mambo
ndimi maitungamirira Israeri kundorwa. Uye Jehovha Mwari wenyu akati
kwamuri, 'Uchafudza vanhu vangu vaIsraeri uye uchava mutongi wavo.' "

3 Vakuru vose veIsraeri pavakauya kuna mambo Dhavhidhi paHeb-
huroni, akaita sungano navo paHebhuroni pamberi paJehovha, uye
vakazodza Dhavhidhi kuti ave mambo weIsraeri sezvakanga zvavimbiswa
naJehovha kubudikidza naSamueri.

### *Dhavhidhi anokunda Jerusarema*

4 Dhavhidhi navaIsraeri vose vakaenda kuJerusarema (ndiro Jebhusi).
VaJebhusi vaigaramo 5 vakati kuna Dhavhidhi, "Hamusi kuzopinda
muno." Kunyange zvakadaro Dhavhidhi akatapa nhare yeZioni, Guta
raDhavhidhi.

6 Dhavhidhi akanga ati, "Achatungamirira kundorwisa vaJebhusi ndiye
achava mukuru wavarwi." Joabhu mwanakomana waZeruya ndiye
akatanga kuenda, saka akapiwa utungamiri hwacho.

7 Dhavhidhi akagara munhare yeZioni, saka rakazodaidzwa kuti Guta
raDhavhidhi. 8 Akavaka guta richipoteredza, kubva pamihomba yokut-
sigira kusvikira kurusvingo rwakanga rwakapoteredza, Joabhu achivaka
patsva chimwe chikamu chose cheguta. 9 Uye Dhavhidhi akaramba achiva
nesimba guru nokuti Jehovha Wamasimba Ose aiva naye.

### *Machinda aDhavhidhi*

10 Ava ndivo vaiva vakuru pakati pavarume voumhare vaiva naD-
havhidhi, avo pamwe chete neIsraeri yose, vakatsigira umambo hwake
zvakasimba kuti husvike munyika yose sokuvimbisa kwakanga kwaita
Jehovha. 11 Aya ndiwo mazita avarume voumhare vaiva naDhavhidhi:

Jashobheami, muHakimoni, aiva mukuru wamachinda ehondo;
akasimudza pfumo rake akarwa navarume mazana matatu, avo vaakau-
raya pakurwisana panguva imwe chete.

12 Aimutevera ainzi Ereazari mwanakomana waDhodhai muAhohi
mumwe wavarume voumhare vatatu. 13 Aiva naDhavhidhi paPasi
Dhamimi vaFiristia pavakaungana ipapo kuzorwa. Pane imwe nzvimbo
paiva nomunda wakanga uzere nebhari, varwi vakatiza vaFiristia. 14 Asi
ivo vakaramba vamire pakati pomunda vakaurwira vakauraya vaFiristia
uye Jehovha akaita kuti vakunde nokukunda kukuru.

15 Vatatu pakati pamakumi matatu avakuru vakaburukira kuna
Dhavhidhi kuDombo pabako reAdhurami, uye hondo yavaFiristia yakanga
yadzika matende muMupata weRefaimi. 16 Panguva iyoyo Dhavhidhi
akanga ari munhare, uye boka rehondo yavaFiristia rakanga riri paB-
heterehema. 17 Dhavhidhi akanzwa nyota akati, "Haiwa, dai mumwe
munhu ainondicherera mvura yokunwa kubva mutsime riri pedyo nesuo
reBheterehema!" 18 Saka Vatatu ava vakapinda napakati pehondo
dzavaFiristia, vakachera mvura kubva mutsime raiva pedyo nesuo reB-
heterehema vakaenda nayo kuna Dhavhidhi. Asi akaramba kuinwa
akaidururira pasi pamberi paJehovha. 19 Dhavhidhi akati, "Mwari
ngaandidzivise ndiregere kunwa izvi! Ndinganwa here ropa ravarume
ava vaenda vachiisa upenyu hwavo panjodzi?" Nokuti vakaisa upenyu
hwavo panjodzi kuti vadzoke vanayo, Dhavhidhi akaramba kuinwa.

Aya ndiwo mamwe amabasa okukunda akaitwa navarume voumhare
vatatu.

20 Abhishai munun'una waJoabhu akanga ari mukuru waVatatu Ava.
Akasimudza pfumo rake kuti arwise varume mazana matatu, akavauraya,
uye akava nomukurumbira saVatatu Vaya. 21 Akaremekedzwa zvakapetwa
kaviri pamusoro paVatatu Vaya uye akaitwa mutungamiri wavo, kunyange
zvazvo akanga asina kuverengerwa pakati pavo.

22 Bhenaya mwanakomana waJehoyadha aiva murwi woumhare aibva
kuKabhizeeri, akaita mabasa makuru. Akauraya mhare mbiri dzapamu-
soro dzavaMoabhu. Akapindawo mugomba mumwe musi kuine chando
akauraya shumba. 23 Uye akauraya muIjipita akanga akareba makubhiti
mashanu*. Kunyange zvazvo muIjipita akanga akapakata pfumo rainge
tsvimbo yomuruki muruoko rwake, Bhenaya akamurwisa netsvimbo.
Akabvuta pfumo kubva muruoko rwomuIjipita akamuuraya nepfumo
rake. 24 Aya ndiwo aiva mabasa aBhenaya mwanakomana waJehoyadha;
naiyewo akaita mukurumbira savarume vatatu voumhare. 25 Akakudzwa
nokuremekedzwa kukuru kupfuura Vaya Makumi Matatu, asi akanga asiri
pakati paVatatu Vaya. Uye Dhavhidhi akamuita mutariri wavarindi vake.

26 Varume voumhare vaiva:

Asaheri munun'una waJoabhu,
Erihanani mwanakomana waDhodho aibva kuBheterehema.
27 Shamoti muHarori,
Herezi muPeroni,
28 Ira mwanakomana waIkeshi aibva kuTekoa,
Abhiezeri aibva kuAnatoti,
29 Sibhekai muHushati,
Irai muAhohi,
30 Maharai muNetofati,
Heredhi mwanakomana waBhaana muNetofati,
31 Itai mwanakomana waRibhai aibva kuGibhea muBhenjamini,
Bhenaya muPiratoni,
32 Hurai aibva kuhova dzeGaashi,
Abhieri muAribhati,
33 Azimavheti muBhaharumi,
Eriabha muShaaribhoni,
34 vanakomana vaHashemi muGizoni,

* **11:23** 11:23 mamita angaita 2.3

Jonatani mwanakomana waShage muHarari,
35 Ahiami mwanakomana waSaka muHarari,
Erifari mwanakomana waUri,
36 Heferi muMekerati,
Ahija muPeroni,
37 Heziro muKarimeri,
Naarai mwanakomana waEzibhai,
38 Joere munun'una waNatani,
Mibha mwanakomana waHagiri,
39 Zereki muAmoni,
Naharai muBheroti, mubati wenhumbi dzokurwa nadzo dzaJoabhu mwanakomana waZeruya,
40 Ira muItiri,
Garebhi muItiri,
41 Uria muHiti,
Zabhadhi mwanakomana waArai,
42 Adhina mwanakomana waShiza muRubheni iye aiva mukuru wavaRubheni, navaya makumi matatu, vaaiva navo,
43 Hanani mwanakomana waMaaka,
Joshafati muMitini,
44 Uzia muAshiterati,
Shama naJeyeri vanakomana vaHotamu muAroeri,
45 Jedhieri mwanakomana waShimiri,
munun'una wake Joha muTizi,
46 Erieri muMahavhi,
Jeribhai naJoshavhia vanakomana vaErinaami,
Itima muMoabhu,
47 Erieri, Obhedhi naJaasieri muMezobhai.

# 12

*Varwi vanobatana naDhavhidhi*

1 Ava ndivo varume vakauya kuna Dhavhidhi paZikiragi achakavanda nokuda kwaSauro mwanakomana waKishi; uye ndivo
vamwe vavarwi vakamubatsira muhondo. 2 Vakanga vapakata
uta uye vaigona kupfura miseve nezvimviriri noruoko rworudyi kana rworuboshwe; vaiva hama dzaSauro dzokurudzi rwaBhenjamini.

3 Ahiezeri, mukuru wavo, naJoashi, vanakomana vaShemaya muGibheati;
Jezieri naPereti vanakomana vaAzimavheti;
Bheraka, Jehu muAnatoti, 4 naIshimaya muGibheoni, aiva mhare pakati paMakumi Matatu; aiva mutungamiri waMakumi Matatu;
Jeremia, Jahazieri, Johanani; Jozabadhi muGedherati, 5 Eruzai, Jerimoti, Bhearia, Shemaria naShafatia muHarufi;
6 Erikana, Ishiya, Azareri, Joezeri naJashobheami vaKorahi;
7 naJoera naZebhadhia vanakomana vaJehoramu vaibva kuGedhori.

8 Vamwe vaGadhi vakazvitsaurawo vakaenda kwaiva naDhavhidhi
kunhare yake kurenje. Vaiva varwi vakashinga, vakagadzirira kurwa uye vaigona kubata nhoo nepfumo. Zviso zvavo zvaiva zviso zveshumba, uye vaimhanya semharapara mumakomo.

9 Ezeri ndiye aiva mukuru,
Obhadhia ari wechipiri, Eriabhi ari wechitatu,
10 Mishimana wechina, Jeremia wechishanu,
11 Atai wechitanhatu, Erieri wechinomwe,
12 Johanani worusere, Erizabhadhi wechipfumbamwe,
13 Jeremia wegumi naMakibhanai wegumi nomumwe.

14 VaGadhi ava ndivo vaiva vatungamiriri vamauto, mudiki ainge
akaenzana nezana, uye mukuru ainge akaenzana nechiuru. 15 Ivava
ndivo vaya vakayambuka Jorodhani mumwedzi wokutanga parwainge
rwakazara nokumahombekombe uye vakaita kuti vanhu vose vaigara
mumipata, kumabvazuva nokumavirira, vatize.

16 Vamwe vaBhenjamini navamwe varume vaibva kuJudha vakauyawo
kuna Dhavhidhi munhare yake. 17 Dhavhidhi akaenda kundosangana
navo akati kwavari, "Kana mauya kwandiri norugare, kuzondibatsira,
ndakagadzirira kuti mubatane neni. Asi kana mauya kuzonditengesa
kuvavengi vangu iwo maoko angu asina kuita zvechisimba, Mwari
wamadzibaba edu ngaazvione uye akutongei."

18 Ipapo Mweya wakauya pana Amasi mukuru waMakumi Matatu akati,
"Haiwa Dhavhidhi, tiri vako!
Haiwa mwanakomana waJese, tinewe!
Kubudirira, kubudirira ngakuve kwauri,
uye kubudirira ngakuve kuna vanokubatsira
nokuti Mwari wako achakubatsira."

Saka Dhavhidhi akavagamuchira akavaita vatungamiri veboka ravarwi
vake.

19 Vamwe varume vokwaManase vakabatana naDhavhidhi paakaenda
navaFiristia kundorwisa Sauro. Iye navanhu vake havana kubatsira
vaFiristia nokuti, vapedza kubvunzana, vatongi vavo vakamudzosa vakati,
"Zvichatiurayisa kana akazotitiza akandobatana namambo wake Sauro."
20 Dhavhidhi paakaenda kuZikiragi, ava ndivo vaiva varume vokwa-
Manase vakabatana naye: Adhina, Jozabhadhi, Jedhieri, Mikaeri, Jozab-
hadhi, Erihu naZiretai, vatungamiri vemapoka echiuru muna Manase.
21 Vakabatsira Dhavhidhi paairwisana namapoka amakororo, nokuti vose
vakanga vari varwi vakashinga uye vaiva vatungamiri muhondo yake.
22 Zuva nezuva varume vakauya kuzobatsira Dhavhidhi kusvikira ava
nehondo huru kwazvo, sehondo yaMwari.

### *Vamwe vanobatana naDhavhidhi paHebhuroni*

23 Uku ndiko kuwanda kwavarume vakanga vakapakata zvombo kuti vandorwa, vakauya kuna Dhavhidhi paHebhuroni kuti vatore umambo hwaSauro vahupe kwaari, sezvazvakanga zvarehwa naJehovha:

24 Varume vokwaJudha vakanga vakapakata nhoo namapfumo vaiva zviuru zvitanhatu namazana masere uye akapakata zvombo kuti vandorwa;
25 varume vokwaSimeoni, varwi vakanga vakagadzirira kundorwa vaiva zviuru zvinomwe nezana;
26 varume vokwaRevhi zviuru zvina namazana matanhatu, 27 pamwe
chete naJehoyadha, mutungamiri wemhuri yaAroni aiva navarume
zviuru zvitatu namazana manomwe, 28 naZadhoki, murwi wechidiki

aiva akashinga, navakuru vamapoka makumi maviri navaviri kubva kumhuri yake;
29 varume vokwaBhenjamini, hama dzaSauro vaiva zviuru zvitatu vazhinji vavo vakanga vamboramba vachitevera Sauro kusvikira musi uyu;
30 varume vokwaEfuremu varwi vakashinga vaiva nomukurumbira kwazvo kumhuri dzavo vaiva zviuru makumi maviri namazana masere;
31 varume vokuhafu yorudzi rwaManase vakadanwa namazita avo kuti vauye vazogadza Dhavhidhi umambo vaiva zviuru gumi nezvisere;
32 varume vokwaIsakari vainzwisisa nguva uye vaiziva kuti Israeri yaifanira kuitei, vaiva vakuru mazana maviri nehama dzavo dzose dzaiva pasi pavo;
33 varume vokwaZebhuruni, varwi vaiziva, vakanga vakagadzirira kurwa nezvombo zvemhando dzose, vakauya kuzobatsira Dhavhidhi nomwoyo wakaperera, vaiva zviuru makumi mashanu;
34 varume vokwaNafutari vaiva chiuru chavakuru vamapoka, pamwe chete nezviuru makumi matatu nezvinomwe zvavarume vakanga vakatakura nhoo namapfumo;
35 varume vokwaDhani, vakanga vakagadzirira kurwa, zviuru makumi maviri nezvisere namazana matanhatu;
36 varume vokwaAsheri, vakanga vane unyanzvi hwokurwa uye vakagadzirira kurwa, vaiva zviuru makumi mana;
37 uye kubva kumabvazuva aJorodhani, varume vokwaRubheni, Gadhi nehafu yorudzi rwaManase vakanga vakapakata zvombo zvemhando dzose, vaiva zviuru zana namakumi maviri.

38 Ava vose vaiva varume vokurwa vakazvipira kundorwa.

Vakauya paHebhuroni vakagadzirira zvizere kuzogadza Dhavhidhi kuti
ave mambo weIsraeri. Vamwe vaIsraeri vose vaiva nomwoyo mumwe
chete wokuti vaite Dhavhidhi mambo. 39 Varume vakagara mazuva
matatu ipapo vaina Dhavhidhi vachidya uye vachinwa nokuti mhuri
dzavo dzainge dzavavigira zvokudya. 40 Uyewo, vavakidzani vavo vokure
kwazvo kunyange kwaIsakari, kwaZebhuruni nokwaNafutari vakauya
nezvokudya zviri pambongoro, ngamera, manyurusi nenzombe. Pakanga
paine zvokudya zvizhinji kwazvo zvaiti upfu, makeke amaonde, makeke
amazambiringa akaoma, waini, mafuta, nzombe, namakwai nokuti mufaro wakanga uripo pakati peIsraeri.

# 13

*Kudzorwa kweAreka*

1 Dhavhidhi akataurirana nomumwe nomumwe wavabati vake vose,
vatungamiri vezviuru, navatungamiri vamazana. 2 Akati kuungano
yose yeIsraeri, "Kana zvichiita sezvakakunakirai uye kana kuri kuda
kwaJehovha Mwari wedu, ngatitumirei shoko kwose kwose kuhama dzedu
dzakasara munyika yose yeIsraeri, nokuvaprista navaRevhi vavagere
navo mumaguta avo nokumafuro avo kuti vauye vazobatana nesu.
3 Ngatidzorei areka yaMwari wedu kwatiri zvakare, nokuti izvi hatina
kuzvibvunza panguva yokutonga kwaSauro." 4 Ungano yose yakabvuma
kuita izvi, nokuti zvairatidzika kunge zvakanaka kuvanhu vose.

5 Saka Dhavhidhi akaunganidza vaIsraeri vose kubva kuRwizi Shihori
muIjipiti kusvika kuRebho Hamati, kuti vatore areka yaMwari kubva
kuKiriati Jearimi. 6 Dhavhidhi navaIsraeri vose vaiva naye vakaenda
kuBhaara reJudha (Kiriati Jearimi) kuti vandotora areka yaMwari Jehovha,
agere pakati pamakerubhi, iyo areka inodaidzwa neZita irori.
7 Vakatakura areka yaMwari kubva muimba yaAbhinadhabhi iri
mungoro itsva, Uza naAhio vakaitungamirira. 8 Dhavhidhi navaIs-
raeri vose vakanga vachipembera nesimba ravo rose pamberi paMwari,
nenziyo, nembira, nemitengeranwa, netambureni, nemakandira nehwa-
manda.
9 Pavakasvika paburiro raKidhoni, Uza akatambanudza ruoko rwake
kuti atsigire areka nokuti nzombe dzakanga dzagumburwa. 10 Kutsamwa
kwaJehovha kwakamukira Uza akamuuraya nokuti akanga atambanudza
ruoko rwake akabata areka. Saka akafa pakarepo pamberi paMwari.
11 Ipapo Dhavhidhi akatsamwa nokuti kutsamwa kwaJehovha kwakanga
kwawira pana Uza, uye kusvikira nhasi nzvimbo iyoyo inonzi Perezi Uza.
12 Dhavhidhi akatya Mwari zuva iroro uye akabvunza achiti, "Ko,
ndingadzosa areka yaMwari kwandiri seiko?" 13 Haana kutora areka kuti
ive naye muguta raDhavhidhi. Asi akaenda nayo kuimba yaObhedhi-
Edhomu muGiti. 14 Areka yaMwari yakasara mumhuri yaObhedhi-
Edhomu muimba yake kwemwedzi mitatu, uye Jehovha akaropafadza
imba yake nezvose zvaakanga anazvo.

# 14

### *Imba yaDhavhidhi neMhuri Yake*

1 Zvino Hiramu mambo weTire akatuma nhume kuna Dhavhidhi
namatanda emisidhari navavaki, navavezi, kuti vamuvakire imba
youmambo. 2 Uye Dhavhidhi akaziva kuti Jehovha akanga amusim-
bisa samambo pamusoro peIsraeri uye kuti umambo hwake hwakanga
hwakudzwa kwazvo nokuda kwavanhu vake Israeri.
3 MuJerusarema, Dhavhidhi akazvitorerazve vamwe vakadzi akava
baba vavanakomana navanasikana vazhinji. 4 Aya ndiwo mazita avana
vaakaberekerwa ikoko: Shamua, Shobhabhi, Natani, Soromoni, 5 Ibhari,
Erishua, Eripereti, 6 Noga, Nefegi, Jafia, 7 Erishama, Bheeriyadha naErifer-
eti.

### *Dhavhidhi Anokunda vaFiristia*

8 VaFiristia pavakanzwa kuti Dhavhidhi akanga agadzwa kuti ave
mambo weIsraeri, vakaenda nehondo yose kundomutsvaka, asi Dhavhidhi
akazvinzwa akabuda kundosangana navo. 9 Zvino vaFiristia vakanga
vauya kuzopamba mupata weRefaimi; 10 saka Dhavhidhi akabvunza kuna
Mwari akati, "Ndingaenda here kundorwisa vaFiristia? Mungavaisa
mumaoko angu here?"
Jehovha akapindura akati, "Enda ndichavaisa mumaoko ako."
11 Saka Dhavhidhi navanhu vake vakakwidza kuBhaari Perazimu uye
ikoko akavakunda akati, "Sokupwanya kunoita mvura, Mwari akapwanya
vavengi vangu noruoko rwangu." Saka nzvimbo iyoyo yakatumidzwa
kunzi Bhaari Perazimu. 12 VaFiristia vakasiya vamwari vavo ipapo,
Dhavhidhi akarayira kuti vapiswe mumoto.
13 VaFiristia vakarwisa zvakare mupata uya. 14 Saka Dhavhidhi
akabvunza Mwari zvakare, Mwari akamupindura akati, "Usangonanga

ikoko asi vakomberedze wozovarwisa wava pamberi pemiti yemib-
harisamu. 15 Pamunotanga kunzwa kutinhira kwokufamba pamisoro
yemiti yemibharisamu, unofanira kubuda kundorwa, nokuti zvichange
zvichireva kuti Mwari akutungamirira kundoparadza hondo yavaFiristia."
16 Saka Dhavhidhi akaita sokurayirwa kwaakanga aitwa naMwari, uye
vakaparadza hondo yavaFiristia, kubva kuGibheoni, kusvika kuGezeri.

17 Saka mukurumbira waDhavhidhi wakapararira nenyika yose uye
Jehovha akaita kuti marudzi ose amutye.

# 15

*Areka inouyiswa kuJerusarema*

1 Dhavhidhi paakapedza kuzvivakira dzimba muguta raDhavhidhi,
akagadzira nzvimbo yainogara areka yaMwari uye akaidzikira tende.
2 Ipapo Dhavhidhi akati, "Hakuna munhu kunze kwavaRevhi anofanira
kutakura areka yaMwari, nokuti Jehovha akavasarudza kuti vatakure
areka yaJehovha uye kuti vashumire pamberi pake nokusingaperi."

3 Dhavhidhi akaunganidza Israeri yose muJerusarema kuti vatore areka
yaJehovha vagoiisa kunzvimbo yaakanga aigadzirira.

4 Akaunganidza zvizvarwa zvaAroni navaRevhi:

5 kubva kuzvizvarwa zvaKohati,
Urieri mutungamiri nehama dzake zana namakumi maviri;
6 kubva kuzvizvarwa zvaMerari,
Asaya mutungamiri nehama dzake mazana maviri namakumi maviri;
7 kubva kuzvizvarwa zvaGerishoni,
Joere mutungamiri nehama dzake zana namakumi matatu;
8 kubva kuzvizvarwa zvaErizafani,
Shemaya mutungamiri nehama dzake mazana maviri;
9 kubva kuzvizvarwa zvaHebhuroni,
Erieri mutungamiri nehama dzake makumi masere;
10 kubva kuzvizvarwa zvaUzieri,
Aminadhabhi mutungamiri nehama dzake zana negumi navaviri.

11 Ipapo Dhavhidhi akadana Zadhoki naAbhiatari vaprista, naUrieri,
Asaya, Joere, Shemaya, Erieri naAminadhabhi vaRevhi. 12 Akati kwavari,
"Imi muri vakuru vemhuri dzavaRevhi, imi navamwe vaRevhi vose
munofanira kuzvinatsa kuti mukwire neareka yaJehovha Mwari weIsraeri
kunzvimbo yandakaigadzirira. 13 Izvi zvakaitika nokuti imi vaRevhi
hamuna kukwira neareka pakutanga paya Jehovha Mwari wedu paakati-
ratidza kutsamwa kukuru. Hatina kunge tabvunza kwaari kuti tingazviite
sei nenzira yakarayirwa." 14 Saka vaprista navaRevhi vakazvinatsa kuti
vakwire neareka yaJehovha Mwari waIsraeri. 15 Uye vaRevhi vakatakura
areka yaMwari namatanda pamapfudzi avo, sezvakanga zvarayirwa
naMozisi maererano neshoko raJehovha.

16 Dhavhidhi akataurira vatungamiri vavaRevhi kuti vagadze hama
dzavo kuti vave vaimbi kuti vazonoimba dzimbo dzomufaro nezviridzwa
zvaiti: mitengeranwa, mbira, namakandira.

17 Saka vaRevhi vakagadza Hemani mwanakomana waJoere; kubva
kuhama dzake Asafi mwanakomana waBherekia; uye kubva kuhama

dzavo vaMerari, Etani mwanakomana waKushaya; 18 uye pamwe chete
navo hama dzavo dzaitevera paukuru dzaiti: Zekaria, Jaazieri, Shemiramoti, Jehieri, Uni, Eriabhi, Bhenaya, Maaseya, Matitia, Eriferehu, Mikineya, Obhedhi-Edhomu, Jeyeri varindi vemikova.

19 Vaimbi vaiti Hemani, Asafi naEtani vakagadzwa kuti varidze
makandira endarira. 20 Zekaria, Azieri, Shemiramoti, Jehieri, Uni, Eriabhi,
Maaseya, naBhenaya vaizoridza mitengeranwa, maererano nearamoti,
21 uye Matitia, Eriferehu, Mikineya, Obhedhi-Edhomu, Jeyeri, naAzazia
vaizoridza mbira maererano neshiminiti. 22 Kenania mukuru wavaRevhi
ndiye aitungamirira kuimba; ndiro rakanga riri basa rake nokuti aiva nyanzvi pariri.

23 Bherekia naErikana ndivo vaizova varindi vemikova weareka.
24 Shebhania, Joshafati, Netaneri, Amasai, Zekaria, Bhenaya naErieza
vaprista vaizoridza hwamanda pamberi peareka yaMwari. Obhedhi-Edhomu naJehia vaizovawo vatariri vomusuo weareka.

25 Dhavhidhi navakuru veIsraeri navakuru vamapoka ane chiuru vakaenda kundotora areka yesungano yaMwari kubva kumba
kwaObhedhi-Edhomu, vachifara. 26 Nokuti Mwari akanga abatsira
vaRevhi avo vainge vatakura areka yesungano yaMwari, vakabayira
Mwari hando nomwe namakondobwe manomwe. 27 Zvino Dhavhidhi
akanga akapfeka nguo yomucheka wakanaka sezvakanga zvakaita vaimbi, naKenania akanga ari mutungamiri wokuimba kuvaimbi. Dhavhidhi
akanga akapfekawo efodhi yomucheka. 28 Saizvozvo vaIsraeri vose
vakakwidza neareka yesungano yaJehovha vachidanidzira, uye vachiridza mimhanzi yenyanga dzamakondobwe nehwamanda namakandira, uye vachiridza mitengeranwa nembira.

29 Zvino areka yesungano yaJehovha yakati yasvika muguta raDhavhidhi, Mikaeri mwanasikana waSauro akatarira napawindo. Uye akaona Mambo Dhavhidhi achipembera nokutamba, akamushora mumwoyo make.

# 16

1 Vakauya neareka yaMwari vakaiisa mukati metende rayakanga
yagadzirirwa naDhavhidhi, vakapa zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso
zvokuwadzana pamberi paMwari. 2 Dhavhidhi akati apedza kubayira
zvipiriso zvinopiswa, akaropafadza vanhu muzita raJehovha. 3 Ipapo
akapa mumwe nomumwe womudzimai nomurume wechiIsraeri rofu rechingwa, keke romuchero womuchindwe nekeke ramazambiringa akaoma.

4 Akagadza vamwe vavaRevhi kuti vashumire pamberi peareka yaJehovha, vakumbirire, vavonge uye kuti varumbidze Jehovha, Mwari
waIsraeri: 5 Asafi ndiye aiva mukuru wavo, Zekaria wechipiri, kuchitevera
Jeyeri Shemiramoti, Jehieri, Matitia, Eriabhi, Bhenaya, Obhedhi-Edhomu naJeyeri. Vaizoridza mitengeranwa nembira; Asafi aizoridza makandira
6 uye Bhenaya naJahazieri vaprista vaizoridza hwamanda nguva dzose
pamberi peareka yesungano yaMwari.

### *Pisarema raDhavhidhi roKuvonga*

7 Zuva iroro Dhavhidhi akapa kwokutanga Asafi navamwe vake pisarema iri rokuvonga Jehovha:
8 Vongai Jehovha, danai kuzita rake;
zivisai pakati pendudzi dzose zvaakaita.

9 Muimbirei, muimbirei nziyo dzokurumbidza;
taurai zvose zvamabasa ake anoshamisa.
10 Zvirumbidzei muzita rake dzvene;
mwoyo yaavo vanotsvaka Jehovha ngaifare.
11 Tarisai kuna Jehovha nokusimba rake;
tsvakai chiso chake nguva dzose.

12 Rangarirai zvishamiso zvaakaita,
zviratidzo zvake uye nemitongo yaakareva.
13 Haiwa, imi zvizvarwa zvaIsraeri muranda wake,
haiwa imi vanakomana vaJakobho vasanangurwa vake.
14 Ndiye Jehovha Mwari wedu;
mitongo yake iri munyika yose.

15 Anorangarira sungano yake nokusingaperi,
shoko raakarayira, kwechiuru chezvizvarwa.
16 Sungano yaakaita naAbhurahama,
mhiko yaakapika kuna Isaka.
17 Akasimbisa kuna Jakobho somutemo,
kuna Israeri sesungano isingaperi, achiti:
18 "Kwauri ndichapa nyika yeKenani,
sechikamu chenhaka yako."

19 Pavakanga vari vashoma,
vari vashoma kwazvo, vari vatorwa mairi,
20 vakadzungaira kubva kuno rumwe rudzi kusvika kuno rumwe,
kubva kuno humwe umambo kusvika kuno humwe.
21 Haana kutendera munhu kuti avadzvinyirire;
nokuda kwavo akatuka madzimambo.
22 "Musabata vazodziwa vangu;
musaitira vaprofita vangu zvakaipa."

23 Imbirai Jehovha, pasi pose;
paridzai ruponeso rwake zuva nezuva.
24 Zivisai kubwinya kwake pakati pendudzi,
mabasa ake anoshamisa pakati pavanhu vose.

25 Nokuti Jehovha mukuru uye anofanira kwazvo kurumbidzwa;
anofanira kutyiwa pamusoro pavamwari vose.
26 Nokuti vamwari vose vendudzi zvifananidzo,
asi Jehovha akasika matenga.
27 Kubwinya nokukudzwa zviri pamberi pake;
simba nomufaro zviri munzvimbo yougaro hwake.

28 Ipai kuna Jehovha, imi mhuri dzendudzi,
ipai Jehovha kukudzwa nesimba,
29 ipai Jehovha kukudzwa kunofanira zita rake.
Uyai nezvipiriso uye muuye pamberi pake;
namatai Jehovha mukubwinya kwoutsvene hwake.
30 Dederai pamberi pake, imi nyika yose!
Nyika yakasimbiswa kwazvo; haingazungunuswi.
31 Matenga ngaafare, nyika ngaifare;

ngavati pakati pendudzi, "Jehovha anotonga!"
32 Gungwa ngaritinhire nezvose zviri mariri;
minda ngaifarisise nezvose zviri mairi.
33 Ipapo miti yesango ichaimba,
ichaimba nomufaro pamberi paJehovha,
nokuti anouya kuzotonga nyika.

34 Vongai Jehovha nokuti akanaka;
rudo rwake runogara nokusingaperi.
35 Danidzirai muchiti, "Tiponesei, imi Mwari Muponesi wedu;
tiunganidzei uye mutirwire pandudzi,
kuti tigovonga zita renyu dzvene
kuti tifarisise mukukurumbidzai."
36 Rumbidzai Jehovha, Mwari waIsraeri,
kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi.
Ipapo vanhu vose vakati, "Ameni" uye vakarumbidza Jehovha.
37 Dhavhidhi akasiya Asafi navamwe vake pamberi peareka yesungano
yaJehovha kuti ashumirepo nguva dzose maererano nezvaidiwa zuva
rimwe nerimwe. 38 Akasiya Obhedhi-Edhomu navamwe vake makumi
matanhatu navasere kuti vashumire navo. Obhedhi-Edhomu mwanako-
mana waJedhutuni naHosa vaiva vatariri vamasuo.
39 Dhavhidhi akasiya Zadhoki muprista navamwe vaprista pamberi
petabhenakeri yaJehovha panzvimbo yakakwirira muGibheoni 40 kuti
vape zvipiriso zvinopiswa, kuna Jehovha paaritari yezvipiriso zvinopiswa,
nguva dzose, mangwanani namanheru maererano nezvose zvakanga
zvakanyorwa muMurayiro waJehovha waakanga apa Israeri. 41 Pakati
pavo paiva naHemani naJedhutuni navamwe vose vaiva vakasarudzwa
namazita kuti vavonge Jehovha, "Nokuti rudo rwake runogara nokusin-
gaperi." 42 Hemani naJedhutuni vaiva nebasa rokuridza hwamanda na-
makandira uye nokuridza zvimwe zviridzwa parwiyo rutsvene. Vanako-
mana vaJedhutuni vakaitwa vatariri vamasuo.
43 Ipapo vanhu vose vakabvapo, mumwe nomumwe akaenda kumba
kwake, uye Dhavhidhi akadzokera kumba kwake kundoropafadza mhuri
yake.

# 17

*Chivimbiso chaMwari kuna Dhavhidhi*

1 Shure kwokunge Dhavhidhi agara mumuzinda wake akati kuna Natani muprofita, "Ndiri pano zvangu ndigere mumuzinda womusidhari, asi areka yesungano yaJehovha iri pasi peTende."

2 Natani akapindura kuna Dhavhidhi akati, "Zvose zvamunazvo mupfungwa itai nokuti Mwari anemi."

3 Usiku ihwohwo shoko raMwari rakasvika kuna Natani richiti:

4 "Enda unotaurira muranda wangu Dhavhidhi kuti, 'Zvanzi na-
Jehovha: Hausiwe uchandivakira imba yokugara. 5 Handina kum-
bogara mumba kubvira zuva randakaburitsa Israeri kubva muIjipiti
kusvikira zuva ranhasi. Ndaifamba kubva mutende ndichienda mune
rimwe, kubva pane imwe nzvimbo yokugara ndichienda pane imwe.
6 Kwose kwose kwandakafamba navaIsraeri vose, ndakamboti here
kuno mumwe zvake wavatungamiri vavo, wandairayira kuti afudze
vanhu vangu, "Seiko usina kundivakira imba yomusidhari?" '

7 “Zvino naizvozvo udza muranda wangu Dhavhidhi kuti, ‘Zvanzi na-
Jehovha Wamasimba Ose: Ndakakutora kubva kumafuro kwawakanga
uchifudza makwai, kuti uve mutongi wavanhu vangu Israeri.
8 Ndakanga ndinewe kwose kwawaienda uye ndakauraya vavengi vako
vose pamberi pako. Zvino ndichaita kuti zita rako rive samazita
avarume vakuru kwazvo panyika. 9 Uye ndichapa nzvimbo kuvanhu
vangu Israeri uye ndichavadyara kuti vave nomusha wavo pachavo
uye kuti vasazokanganiswa. Vanhu vakaipa havangazovadzvinyiriri
zvakare sezvavakavaita pakutanga 10 uye sezvavakaita kubvira panguva
yandakagadza vatungamiri vavanhu vangu Israeri. Ndichakundawo
vavengi venyu vose.

“ ‘Ndinokuudza kuti Jehovha achakuvakira imba: 11 Kana mazuva ako
akwana uye pauchaenda kundova namadzibaba ako, ndichasimudza
mwana wako achakutevera paumambo, mumwe wavanakomana vako
pachako uye ndichasimbisa umambo hwake. 12 Iyeye ndiye achandi-
vakira imba, uye ndichasimbisa chigaro chake choumambo nokusin-
gaperi. 13 Ndichava baba vake uye iye achava mwanakomana wangu.
Handizobvisi rudo rwangu kwaari zvakare sokurubvisa kwandakaita
kune akakutangira. 14 Ndichamugadza kuti atonge imba yangu
noumambo hwangu nokusingaperi; chigaro chake chichasimbiswa
nokusingaperi.’ ”

15 Natani akandotaura kuna Dhavhidhi mashoko ose echiratidzo chose
ichi.

### *Munyengetero waDhavhidhi*

16 Ipapo mambo Dhavhidhi akapinda akagara pamberi paMwari akati:

“Ndini aniko, nhai Jehovha Mwari, uye mhuri yangu chiiko, kuti
mandisvitsawo pano? 17 Uye sokuti izvi hazvina kukwana pamberi
penyu, haiwa Mwari, mataurazve nezveramangwana reimba yomu-
randa wenyu. Mandiona sokunge ndini ndinokudzwa kupinda vanhu
vose, imi Jehovha Mwari.

18 “Chiizve chimwe chingataurwa naDhavhidhi kwamuri nokuda
kwokuti maremekedza muranda wenyu kudai? Nokuti munoziva
muranda wenyu, 19 imi Jehovha, nokuda kwomuranda wenyu uye
maererano nokuda kwenyu maita chinhu chikuru ichi mukaita kuti
zvivimbiso izvi zvikuru zviziviswe.

20 “Hakuna mumwe akaita semi, imi Jehovha, uye hakuna Mwari
kunze kwenyu, sezvatakanzwa nenzeve dzedu pachedu. 21 Uye ndiani
akaita savanhu venyu Israeri, rudzi rumwe chete panyika runa Mwari
warwo akaenda kundozvidzikinurira vanhu, kuti azviitire zita, uye kuti
aite zvishamiso zvikuru zvinotyisa, nokudzinga ndudzi kubva pamberi
pavanhu venyu vamakadzikinura kubva kuIjipiti? 22 Makazvigadzirira
vanhu venyu Israeri kuti vave venyu pachenyu nokusingaperi, uye imi,
imi Jehovha, mava Mwari wavo.

23 “Uye zvino, Jehovha, itai kuti chivimbiso chamaita kumuranda
wenyu neimba yake chisimbiswe nokusingaperi. Itai sezvamakav-
imbisa, 24 kuitira kuti chisimbiswe uye kuti zita renyu rive guru
nokusingaperi. Ipapo vanhu vachati, ‘Jehovha Wamasimba Ose, Mwari
waIsraeri, ndiye Mwari waIsraeri.’ Uye imba yomuranda wenyu
Dhavhidhi ichasimbiswa pamberi penyu.

25 “Imi Mwari wangu, mazivisa muranda wenyu kuti muchamuvakira
imba. Saka muranda wenyu atsunga kuti anyengetere kwamuri.

26 Haiwa Jehovha, muri Mwari! Mavimbisawo zvinhu izvi zvakanaka
kumuranda wenyu. 27 Zvino makafadzwa kuti muropafadze imba
yomuranda wenyu kuti iendere mberi nokusingaperi pamberi penyu,
nokuti imi, imi Jehovha, mairopafadza uye ichava yakaropafadzwa
nokusingaperi.”

# 18

*Kukunda kwaDhavhidhi*

1 Nokufamba kwenguva, Dhavhidhi akakunda vaFiristia akavaisa pasi pake, uye akavatorera Gati nemisha yakaripoteredza kuti ribve pasi poruoko rwavaFiristia.

2 Dhavhidhi akakundawo vaMoabhu, uye vakava pasi pake, vakamuvigira mutero.

3 Pamusoro pezvo Dhavhidhi akarwisa Hadhadhezeri mambo we-
Zobha kusvikira kuHamati, paakaenda kundosimbisa kutonga kwake
achitevedza Rwizi Yufuratesi. 4 Dhavhidhi akapamba chiuru chen-
goro dzake, vachairi vengoro zviuru zvinomwe navarwi vetsoka zviuru
makumi maviri. Akadimbura marunda amakumbo amabhiza ose kusara
kwezana ramabhiza engoro.

5 VaAramu veDhamasiko pavakauya kuzobatsira Hadhadhezeri mambo
weZobha, Dhavhidhi akauraya zviuru makumi maviri nezviviri zvavo.
6 Akaisa mapoka avarwi vake muumambo hwavaAramu veDhamasiko,
uye vaAramu vakava pasi pake uye vakamuvigira mutero. Jehovha akapa
Dhavhidhi kukunda kwose kwose kwaakaenda.

7 Dhavhidhi akatora nhoo dzegoridhe dzaiva dzakatakurwa na-
vatungamiri vehondo yaHadhadhezeri akaenda nadzo kuJerusarema.
8 Kubva kuTebha nokuKuni, maguta aHadhadhezeri, Dhavhidhi aka-
tora ndarira zhinji, yakazoshandiswa naSoromoni kugadzira gungwa
rendarira, nembiru uye nezvimwe zvinhu zvakasiyana-siyana zvakazo-
gadzirwa nendarira.

9 Tou mambo weHamati paakanzwa kuti Dhavhidhi akanga akunda
hondo yose yaHadhadhezeri mambo weZobha, 10 akatuma mwanakomana
wake Hadhoramu akauya nezvinhu zvamarudzi ose zvegoridhe nesirivha
nendarira.

11 Mambo Dhavhidhi akakumikidza zvipo izvi kuna Jehovha sezvaakanga aita nesirivha negoridhe, zvaakanga atora kubva kundudzi idzi dzose dzaiti: Edhomu, Moabhu, vaAmoni, vaFiristia neAmareki.

12 Abhishai mwanakomana waZeruya akauraya vaEdhomu zviuru gumi
nezvisere muMupata weMunyu. 13 Akaisa mapoka avarwi muEdhomu
uye vaEdhomu vose vakava pasi poutongi hwaDhavhidhi. Jehovha akapa
Dhavhidhi kukunda kwose kwose kwaakaenda.

*Machinda aDhavhidhi*

14 Dhavhidhi akatonga Israeri achiita zvose zvakarurama uye zvakanaka kuvanhu vake vose.

15 Joabhu mwanakomana waZeruya aitungamirira hondo;
Jehoshafati mwanakomana waAhirudhi aiva munyori wenhoroondo;
16 Zadhoki mwanakomana waAhitubhi naAhimereki mwanakomana waAbhiatari vaiva vaprista;
Shavhisha akanga ari munyori;

17 Bhenaya mwanakomana waJehoyadha aitungamirira vaKereti navaPereti;
uye vanakomana vaDhavhidhi vaiva machinda makuru parutivi pamambo.

# 19

*Hondo navaAmoni*

1 Mukufamba kwenguva, Nahashi mambo wavaAmoni akafa, mwanako-
mana wake akamutevera paumambo. 2 Dhavhidhi akafunga akati,
“Ndicharatidza mwoyo wakanaka kuna Hanuni mwanakomana waNa-
hashi nokuti baba vake vakaratidza mwoyo wakanaka kwandiri.” Saka
Dhavhidhi akatuma nhume kundonyaradza Hanuni pamusoro pababa
vake.
Vanhu vaDhavhidhi pavakasvika kuna Hanuni munyika yavaAmoni
kuzomunyaradza, 3 machinda avaAmoni akati kuna Hanuni, “Unofunga
here kuti Dhavhidhi ari kukudza baba vako nokutuma vanhu vake kuti
vauye kuzokunyaradza? Vanhu vake havana kuuya kuzosora nyika yedu
here kuti vaitore?” 4 Saka Hanuni akabata vanhu vaDhavhidhi, akavagera
ndebvu dzavo, akacheka nguo dzavo napakati kumagaro, akavadzinga.
5 Mumwe munhu akauya akaudza Dhavhidhi pamusoro pavarume
ava, Dhavhidhi akatuma nhume kuti dzinosangana navo nokuti vakanga
vanyadziswa kwazvo. Mambo akati, “Garai paJeriko kusvikira ndebvu
dzenyu dzakura, mugozodzoka.”
6 VaAmoni vakati vaziva kuti vakanga vava chinhu chinonhuhwa
mumhino dzaDhavhidhi, Hanuni navaAmoni vakatumira chiuru
chamatarenda* esirivha kuti vanokumbira ngoro navachairi vadzo
kubva kuAramu Naharaimu, Aramu Maaka nokuZobha. 7 Vakakumbira
ngoro zviuru makumi matatu nezviviri navachairi vadzo, pamwe chete
namambo weMaaka navarwi vake, uye akauya akadzika musasa pedyo
neMedebha, ukuwo vaAmoni vachiungana kubva mumaguta avo, uye
vakabuda kundorwa.
8 Paakanzwa izvi, Dhavhidhi akatuma Joabhu kuti abude nehondo yose
yavarume vokurwa. 9 VaAmoni vakabudawo vakagadzirira kurwa uye
vakamira vari mumitsetse yokurwa pasuo reguta ravo, uye madzimambo
akanga auya akanga ari pachawo musango.
10 Joabhu akaona kuti kwaiva nemitsetse yavanhu vakagadzirira kurwa
mberi kwake neshure kwake; saka akasarudza mamwe amapoka avarwi
vapamusoro muIsraeri akavaendesa kuti vandorwa navaAramu. 11 Akaisa
vamwe varume vose pasi paAbhishai munun’una wake uye vakaen-
deswa kuti vandorwa navaAmoni. 12 Joabhu akati, “Kana vaAramu
vandikundaka, ipapo iwe unofanira kuzondinunura; asi kana vaAmoni
vakakukunda, ipapo ini ndichakununura. 13 Simba uye ngatirwirei vanhu
vedu namaguta aMwari wedu takashinga. Jehovha achaita zvakanaka
pamberi pake.”
14 Ipapo Joabhu navarwi vaiva naye vakaenda kundorwa navaAramu,
ivo vakatiza pamberi pavo. 15 VaAmoni pavakaona kuti vaAramu vakanga
vava kutiza, ivo vakatizawo pamberi pomunun’una wake Abhishai
vakamhanyira mukati meguta. Ipapo Joabhu akadzokera kuJerusarema.
16 Mushure mokunge vaAramu vaona kuti vakanga vakundwa neIsraeri
vakatumira nhume kunokokorodza vamwe vaAramu mberi kweRwizi,
Shofaki mutungamiri wehondo yaHadhadhezeri achivatungamirira.

* **19:6** 19:6 matani angaita 34

17 Dhavhidhi paakaudzwa izvi, akaunganidza Israeri yose ndokuyambuka Jorodhani; akaswedera kwavari kunovarwisa uye akaronga mitsetse yehondo akatarisana navo. Dhavhidhi akaita kuti mitsetse yake isangane navaAramu muhondo uye ivo vakarwa naye. 18 Asi vakatiza pamberi
paIsraeri, uye Dhavhidhi akauraya zviuru zvinomwe zvavachairi vengoro, nezviuru makumi mana zvavarwi vetsoka. Akaurayawo Shofaki mutungamiri wehondo yavo.

19 Varanda vaHadhadhezeri pavakaona kuti vakanga vakundwa neIsraeri, vakayanana naDhavhidhi uye vakava pasi pake.

Saka vaAramu havana kuzoda kubatsira vaAmoni zvakare.

# 20

*Kutapwa kweRabha*

1 Munguva yechirimo, panguva iyo madzimambo anoenda kuhondo, Joabhu, akatungamirira mauto akashonga zvombo zvokurwa. Akaparadza nyika yavaAmoni akaenda kuRabha akandorikomba, asi Dhavhidhi akasara muJerusarema. Joabhu akarwisa Rabha akarisiya raparara.
2 Dhavhidhi akatora korona kubva pamusoro wamambo wavo, uremu hwayo hwakaonekwa kuti hwaiva tarenda* regoridhe uye yakanga ina mabwe anokosha uye yakaiswa pamusoro paDhavhidhi. Akapamba zvinhu zvizhinji kwazvo muguta iri 3 uye akabudisa vanhu vakanga
varimo, akavatongera kuti vashande namajeko namapiki namatemo. Dhavhidhi akaita saizvozvi kumaguta ose avaAmoni. Ipapo Dhavhidhi nehondo yake yose akadzokera kuJerusarema.

*Hondo navaFiristia*

4 Nokufamba kwenguva, hondo yakatanga navaFiristia paGezeri. Panguva iyoyi Sibhekai muHushati akauraya Sipai, mumwe wezvizvarwa zvavaRefa, vaFiristia vakakundwa.

5 Mune kumwe kurwisana navaFiristia, Erihanani mwanakomana waJairi akauraya Rami munun'una waGoriati muGiti, aiva nepfumo raiva nomubato wakafanana nedanda romuruki.

6 Mune kumwe kurwisana zvakare, kwakaitika paGati paiva nomumwe murume mukuru kwazvo aiva neminwe mitanhatu muruoko rumwe norumwe nezvigunwe zvitanhatu kugumbo rimwe nerimwe, zvose pamwe chete zvaiva makumi maviri nezvina. Aivawo worudzi rwaRafa.
7 Paakatuka Israeri, Jonatani mwanakomana waShimea, munun'una waDhavhidhi akamuuraya.

8 Izvi ndizvo zvizvarwa zvaRafa muGati, uye vakaurayiwa naDhavhidhi navanhu vake.

# 21

*Dhavhidhi anoverenga varwi*

1 Satani akamukira Israeri akakurudzira Dhavhidhi kuti averenge
vaIsraeri. 2 Saka Dhavhidhi akati kuna Joabhu navatungamiri vamapoka avarwi, "Endai mundoverenga vaIsraeri vose kubva kuBheerishebha kusvikira kuDhani. Uye mugozondiudza kuitira kuti ndizive kuti vangani variko."

3 Asi Joabhu akapindura akati, "Jehovha ngavawedzere uwandu hwavarwi vake kakapetwa kazana. Ishe wangu mambo, ava vose havasi

* **20:2** 20:2 makirogiramu angaita 34

pasi petsoka dzenyu here? Seiko ishe wangu muchida kuita izvi? Sei
muchida kuuyisa mhosva kuna Israeri?"

4 Zvisinei, shoko ramambo rakakunda raJoabhu, saka Joabhu akabvapo
akaenda muIsraeri yose uye akadzokera kuJerusarema. 5 Joabhu akatau-
rira Dhavhidhi uwandu hwavarwi achiti muIsraeri yose maiva navanhu
vaigona kubata munondo vaisvika miriyoni nezana rezviuru zvavarume,
vachisanganisira zviuru mazana mana nemakumi manomwe muJudha.

6 Asi Joabhu haana kusanganisira Revhi naBhenjamini mukuverenga
uku, nokuti kurayira kwamambo kwakanga kwakaipa kwazvo kwaari.
7 Kurayira uku kwakanga kwakaipawo pamberi paMwari, saka akaranga
Israeri.

8 Ipapo Dhavhidhi akati kuna Mwari, "Ndakatadza zvikuru pandakaita
chinhu ichi. Zvino ndinokumbirawo kuti mubvise kuipa kwomuranda
wenyu. Ndakaita sebenzi kwazvo."

9 Jehovha akati kuna Gadhi muoni waDhavhidhi, 10 "Enda undo-
taurira Dhavhidhi kuti, 'Zvanzi naJehovha: Ndinokupa zvinhu zvitatu
zvokusarudza. Zvisarudzire chaunoda kuti ndikuitire ndichikuranga.' "

11 Saka Gadhi akaenda kuna Dhavhidhi akati kwaari, "Zvanzi naJe-
hovha: 'Sarudza pakati peizvi: 12 Makore matatu enzara, mwedzi mitatu
yokutsvairwa pamberi pavavengi vako, minondo yavo ichikuparadzai,
kana kuti mazuva matatu omunondo waJehovha, mazuva edenda mun-
yika mutumwa waJehovha achiparadza panyika yose yaIsraeri.' Zvino
saka zvisarudzirei kuti ndinganopindura sei uyo akandituma."

13 Dhavhidhi akati kuna Gadhi, "Ndiri mukutambudzika kukuru
kwazvo. Rega hako ndiwire mumaoko aJehovha nokuti tsitsi dzake
dzakakura kwazvo, asi musandirega ndichiwira mumaoko avanhu."

14 Saka Jehovha akatumira denda muIsraeri uye zviuru makumi
manomwe zvavarume veIsraeri vakawira pasi vakafa. 15 Uye Jehovha aka-
tuma mutumwa kuti aparadze Jerusarema, asi mutumwa uya paakanga
achiita izvi Jehovha akazviona uye akazvidemba nokuda kwedambudziko
iri akati kumutumwa aiparadza vanhu, "Zvakwana! Dzosa ruoko
rwako." Mutumwa waJehovha ipapo akanga akamira paburiro raArauna
muJebhusi.

16 Dhavhidhi akatarisa kumusoro akaona mutumwa waJehovha akamira
pakati pedenga nenyika, aine munondo muruoko rwake akarutam-
banudzira pamusoro peJerusarema. Ipapo Dhavhidhi navakuru vose
vakapfeka masaga, vakawira pasi vakatsikitsira zviso zvavo.

17 Dhavhidhi akati kuna Mwari, "Handisini here ndakarayira kuti varwi
vose vaverengwe? Ndini ndakatadza ndikaita zvakaipa, ava vanongova
makwai chete. Vakaiteiko? Haiwa Jehovha, Mwari wangu, regai ruoko
rwenyu ruwire pandiri ini nemhuri yangu, asi musarega denda iri riri
pamusoro pavanhu venyu."

18 Ipapo mutumwa waJehovha akarayira Gadhi kuti ataurire Dhavhidhi
kuti akwire andovakira Jehovha aritari muburiro raArauna muJebhusi.
19 Saka Dhavhidhi akakwidza mukuteerera shoko rakanga rataurwa
naGadhi muzita raJehovha.

20 Arauna paakanga achipura zviyo, akacheuka akaona mutumwa;
vanakomana vake vana vaaiva navo vakanohwanda. 21 Ipapo Dhavhidhi
akaswedera, uye Arauna paakatarisa akamuona, akasiya buriro akako-
tamira pasi pamberi paDhavhidhi akaisa chiso chake pasi.

[22] Dhavhidhi akati kwaari, "Ndipewo nzvimbo yeburiro rako kuti ndigo-
vakira Jehovha aritari, kuti denda riri pavanhu rimiswe. Nditengeserewo
nomutengo waro wakazara."
[23] Arauna akati kuna Dhavhidhi, "Ritorei henyu! Ishe wangu
mambo ngavaite zvinovafadza. Tarirai ndichakupai nzombe yezvibayiro
zvinopiswa, matanda okupurisa dzive huni, uye zviyo zvive zvipiriso
zvoupfu. Ndichakupai zvose izvi."
[24] Asi mambo Dhavhidhi akapindura Arauna akati, "Kwete, ndinoda
kutenga nomutengo wakazara. Handingatori ndichipa Jehovha zvinhu
zvako iwe kana kubayira chipiriso chinopiswa chandisina kuripira."
[25] Saka Dhavhidhi akaripira Arauna mashekeri mazana matanhatu*
egoridhe kuti apiwe nzvimbo iyi. [26] Dhavhidhi akavaka aritari kuna
Jehovha ipapo uye akapa zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana.
Akadana kuna Jehovha uye Jehovha akamupindura nomoto wakabva
kudenga ukaenda paaritari yezvipiriso zvinopiswa.
[27] Ipapo Jehovha akataurira mutumwa iye akadzorera munondo wake
mumuhara wawo. [28] Panguva iyoyo Dhavhidhi paakaona kuti Jehovha
akanga amupindura paburiro raArauna muJebhusi, akapa zvipiriso ipapo.
[29] Tabhenakeri yaJehovha yakanga yagadzirwa naMozisi murenje. Neari-
tari yezvipiriso zvinopiswa zvakanga zviri panzvimbo yakakwirira paGib-
heoni panguva iyoyo. [30] Asi Dhavhidhi haaikwanisa kuenda pamberi payo
kundobvunza Mwari nokuti aitya munondo womutumwa waJehovha.

# 22

[1] Ipapo Dhavhidhi akati, "Imba yaJehovha Mwari inofanira kuva pano,
pamwe chete nearitari yezvipiriso zvinopisirwa Israeri."

### *Kugadzirira kuvaka Temberi*

[2] Saka Dhavhidhi akarayira kuti vatorwa vose vaigara muIsraeri
vaungane pamwe chete, uye kubva mukati mavo akasarudza vavezi
vamatombo kuti vagadzire matombo akavezwa zvakanaka okuvakisa
imba yaMwari. [3] Akapa simbi dzakawanda kwazvo kuti dzigoshandiswa
kugadzirisa zvipikiri zvamakonhi apamasuo nezvikorekedzo uye ndarira
yakawanda kupfuura yaigona kuiswa pachikero. [4] Akapawo zvakare
matanda emisidhari akawanda kupfuura aigona kuverengwa, nokuti
vaSidhoni nevaTire vakanga vavigira Dhavhidhi matanda akawanda.
[5] Dhavhidhi akati, "Mwanakomana wangu Soromoni mudiki kwazvo
uye haasati ava noruzivo, uye imba ichavakirwa Jehovha inofanira kuva
huru kwazvo, inorumbidzwa uye inokudzwa kwazvo pamberi pendudzi
dzose. Saka ndichaigadzirira." Saka Dhavhidhi akagadzirira zvikuru
kwazvo asati afa.
[6] Ipapo akadana mwanakomana wake Soromoni akamurayira kuti avake
imba yaJehovha, Mwari weIsraeri. [7] Dhavhidhi akati kuna Soromoni,
"Mwanakomana wangu zvaiva mumwoyo mangu kuti ndivakire Zita
raJehovha Mwari wangu imba. [8] Asi shoko iri raJehovha rakauya kwandiri
richiti, 'Wakadeura ropa zhinji uye ukarwa hondo dzakawanda. Iwe
haungavakiri Zita rangu imba, nokuti wakadeura ropa rakawanda kwazvo
pamberi pouso hwangu. [9] Asi uchava nomwanakomana achava murume
worugare nokuzorora, uye ndichamupa zororo kubva kuvavengi vake
kumativi ose. Zita rake achanzi Soromoni uye ndichapa Israeri runyararo

---

* **21:25** 21:25 makirogiramu angaita 34

norugare panguva yokutonga kwake. 10 Iyeye ndiye achavakira Zita
rangu imba. Achava mwanakomana wangu uye ini ndichava baba
vake. Uye ndichasimbisa chigaro choumambo hwake pamusoro peIsraeri
nokusingaperi.'

11 "Zvino mwanakomana wangu, Jehovha ave newe, uye uve
nokubudirira uye uvake imba yaJehovha Mwari wako sezvaakati uchaita.
12 Jehovha ngaakupe uchenjeri nokunzwisisa paachakuisa pakutonga
pamusoro peIsraeri, kuitira kuti uchengete murayiro waJehovha Mwari
wako. 13 Ipapo uchava nokubudirira kana ukachenjerera kuchengetedza
mitemo nemirayiro yakapiwa Mozisi naJehovha kuti ape Israeri. Iva
nesimba utsunge mwoyo. Usatya uye usaora mwoyo.

14 "Ndakatambura zvikuru kwazvo kuti ndipe kutemberi yaJehovha
matarenda zviuru zana* zvegoridhe, matarenda miriyoni† esirivha,
ndarira nesimbi yakawanda zvokuti haingayerwe pachikero, namatanda
namatombo. Uye unogona kuwedzera pamusoro pazvo. 15 Une varume
vebasa vazhinji kwazvo: vavezi vamatombo, vavezi vamatanda navamwe
varume vane unyanzvi mumabasa ose akasiyana-siyana 16 mune zve-
goridhe nesirivha, ndarira nesimbi navarume voumhizha vasingav-
erengeki. Zvino chitanga basa uye Jehovha ave newe."

17 Ipapo Dhavhidhi akarayira vatungamiri vose veIsraeri kuti vabatsire
mwanakomana wake Soromoni. 18 Akati kwavari, "Ko, Jehovha Mwari
wenyu haasi nemi here? Uye haana kukupai zororo kumativi ose
here? Nokuti akaisa vagari venyika iyi muruoko rwangu, uye nyika
iri pasi paJehovha nepasi pavanhu vake. 19 Zvino zvipirei mwoyo
nemweya kutsvaka Jehovha Mwari wenyu. Tangai kuvaka nzvimbo tsvene
yaJehovha Mwari, kuitira kuti mugouyisa areka yesungano yaJehovha
nemidziyo mitsvene yaMwari mutemberi ichavakirwa Zita raJehovha."

# 23

*VaRevhi*

1 Dhavhidhi paakanga akwegura ava namakore mazhinji, akaita kuti
mwanakomana wake Soromoni ave mambo pamusoro peIsraeri.

2 Akaunganidzawo vatungamiri vose veIsraeri pamwe chete navaprista
navaRevhi. 3 VaRevhi vose vana makore makumi matatu zvichienda
mberi vakaverengwa, uye varume vose vakasvika zviuru makumi matatu
nezvisere. 4 Dhavhidhi akati, "Pane ava, zviuru makumi maviri nezvina
vachava vatariri vebasa rokuvakwa kwetemberi yaJehovha uye zviuru
zvitanhatu vachava vakuru navatongi. 5 Zviuru zvina vachava vachengeti
vamasuo uye zviuru zvina vacharumbidza Jehovha nezviridzwa zvan-
dakapa nokuda kwechikonzero ichi."

6 Dhavhidhi akapatsanura vaRevhi akavaisa mumapoka zvichien-
derana navanakomana vaRevhi vaiti: Gerishoni, Kohati naMer-
ari.

*VaGerishoni*

7 VokwaGerishoni vaiva:
Radhani naShimei.
8 Vanakomana vaRadhani vaiva:
Jehieri dangwe, Zetami naJoere, vatatu pamwe chete.

* **22:14** 22:14 matani angaita 3,450 † **22:14** 22:14 matani angaita 34,500

9 Vanakomana vaShimei vaiva:
Sheromoti, Hazieri naHarani, vatatu pamwe chete.
Ava ndivo vaiva vakuru vemhuri dzaRadhani.
10 Uye vanakomana vaShimei vaiva:
Jahati, Ziza, Jeushi naBheria.
Ava ndivo vaiva vanakomana vaShimei, vana pamwe chete.
11 (Jahati aiva wokutanga, Ziza ari wechipiri, asi Jeushi naBheria vakanga vasina vanakomana vakawanda; saka vakaverengwa semhuri imwe chete ine basa rimwe chete.)

*VaKohati*

12 Vanakomana vaKohati vaiva:
Amiramu, Izhari, Hebhuroni naUzieri, vana pamwe chete.
13 Vanakomana vaAmiramu vaiva:
Aroni naMozisi.
Aroni akatsaurwa iye nezvizvarwa zvake nokusingaperi, kuti anatse
zvinhu zvaiva zvitsvene-tsvene, kuti vape zvipiriso pamberi paJe-
hovha, kushumira pamberi pake uye kutaura maropafadzo muzita
rake nokusingaperi. 14 Vanakomana vaMozisi munhu waMwari
vakaverengwa sechikamu chorudzi rwaRevhi.
15 Vanakomana vaMozisi vaiva:
Gerishomi naEriezeri.
16 Zvizvarwa zvaGerishomi:
Shubhaeri ndiye aiva wokutanga.
17 Zvizvarwa zvaEriezeri zvaiva:
Rehabhia ndiye aiva wokutanga.
(Eriezeri haana kuzoita vamwe vanakomana, asi Rehabhia akaita vanakomana vakawanda kwazvo.)
18 Vanakomana vaIzhari:
Sheromiti ndiye aiva wokutanga.
19 Vanakomana vaHebhuroni:
Jeria ndiye wokutanga, Amaria wechipiri,
Jahazieri wechitatu naJekameami wechina.
20 Vanakomana vaUzieri:
Mika wokutanga naIshia wechipiri.

*VaMerari*

21 Vanakomana vaMerari, vaiva:
Mari naMushi.
Vanakomana vaMari vaiva:
Ereazari naKishi.
22 (Ereazari akafa asina vanakomana: aingova navanasikana chete. Hama dzavo, vanakomana vaKishi vakavaroora.)
23 Vanakomana vaMushi vaiva:
Mari, Edheri, naJerimoti, vatatu pamwe chete.

24 Ava ndivo vaiva zvizvarwa zvaRevhi nemhuri dzavo, vakuru
vemhuri sezvazvakanga vakanyorwa pasi pamazita avo uye
vachiverengwa mumwe nomumwe, zvichireva vashandi vaiva
namakore makumi maviri naanopfuura vaishanda mutemberi
yaJehovha. 25 Nokuti Dhavhidhi akanga ati, "Sezvo Jehovha,
Mwari waIsraeri apa zororo kuvanhu vake uye akauya ku-
zogara muJerusarema nokusingaperi, 26 vaRevhi havachafaniri
kuramba vachitakura tabhenakeri kana mimwe midziyo yose

yaishandiswa pabasa rayo.” 27 Maererano nokurayira kwaD-
havhidhi kwokupedzisira, vaRevhi vakaverengwa kubva pana
vana makore makumi maviri kana anopfuura ipapo.

28 Basa ravaRevhi raiva rokubatsira zvizvarwa zvaAroni, mukubata basa
romutemberi yaJehovha: kuvatariri voruvanze, makamuri omumativi,
kunatsa zvinhu zvose zvaiera, nokuita mamwe mabasa paimba yaMwari.
29 Vaiva vachengeti vechingwa chaiiswa patafura, upfu hwakatsetseka
hwezvipiriso zvezviyo, zvingwa zvitete zvisina mbiriso, kubika nokusan-
ganisa, uye zviero zvose zvouwandu noukuru. 30 Vaifanirawo zvakare
kumira mangwanani oga oga vachitenda uye vachirumbidza Jehovha.
Vaifanira kuita zvimwe chetezvo manheru 31 uye napose paipiwa zvipiriso
zvinopiswa kuna Jehovha pamaSabata uye napamitambo yoKugara kwoM-
wedzi napane mimwe mitambo yakarayirwa. Vaifanira kushanda pam-
beri paJehovha nguva dzose nouwandu hwaidiwa uye nenzira yavakanga
varayirwa kuti vaiite.
32 Nokudaro vaRevhi vakaita mabasa omuTende Rokusangana, romuN-
zvimbo Tsvene uye vari pasi pehama dzavo zvizvarwa zvaAroni, mubasa
roushumiri mutemberi yaJehovha.

# 24

*Mapoka aVaprista*

1 Aya ndiwo aiva mapoka avanakomana vaAroni:
Vanakomana vaAroni vaiva: Nadhabhi, Abhihu, Ereazari naItamari.
2 Asi Nadhabhi naAbhihu vakafa baba vavo vasati vafa, uye vakanga
vasina vanakomana; saka Ereazari naItamari vakashumira savaprista.
3 Achibatsirwa naZadhoki chizvarwa chaEreazari naAhimereki chizvarwa
chaItamari, Dhavhidhi akavapatsanura akavaisa mumapoka kuti vaite
basa ravo roushumiri ravakanga varayirwa. 4 Vatungamiri vazhinji
vakanyanyowanikwa pane zvizvarwa zvaEreazari kupfuura pakati pezviz-
varwa zvaItamari uye vakaiswa mumapoka zvakakodzerana: vakuru
gumi navatanhatu kubva kuzvizvarwa zvaEreazari uye vakuru vasere
kubva kuzvizvarwa zvaItamari. 5 Vakavaisa mumapoka zvakakodzerana,
nokukanda mijenya nokuti paiva navabati venzvimbo tsvene navabati
vaMwari pakati pezvizvarwa zvaEreazari nezvizvarwa zvaItamari.
6 Munyori Shemaya mwanakomana waNetaneri, muRevhi, akanyora
mazita avo pamberi pamambo, napamberi pavabati vaiti: Zadhoki
muprista, Ahimereki mwanakomana waAbhiatari navakuru vemhuri
dzavaprista navaRevhi mhuri imwe chete ichitorwa kubva kuna Ereazari
uye imwe chete kubva kuna Itamari.

7 Mujenya wokutanga wakawira pana Jehoyaribhi,
wechipiri pana Jedhaya,
8 wechitatu kuna Harimi,
wechina kuna Seorimi,
9 wechishanu kuna Marikia,
wechitanhatu kuna Miyamini,
10 wechinomwe kuna Hakozi,
wechisere kuna Abhija,
11 wepfumbamwe kuna Jeshua,
wegumi kuna Shekania,

12 wegumi nomumwe kuna Eriashibhi,
wegumi nembiri kuna Jakimi,
13 wegumi nenhatu kuna Hupa,
wegumi neina kuna Jeshebheabhi,
14 wegumi neshanu kuna Bhiriga,
wegumi nenhanhatu kuna Imeri,
15 wegumi nenomwe kuna Heziri,
wegumi netsere kuna Hapizezi,
16 wegumi nepfumbamwe kuna Petahia,
wemakumi maviri kuna Jehezikeri,
17 wemakumi maviri nomumwe kuna Jakini,
wemakumi maviri nembiri kuna Gamuri,
18 wemakumi maviri nenhatu kuna Dheraya,
uye wemakumi maviri neina kuna Maazia.

19 Iri ndiro raiva basa ravo roushumiri ravakanga varayirwa
pavakapinda mutemberi yaJehovha, maererano nemitemo yavakanga
vapiwa nababa wavo Aroni sokurayirwa kwaakanga aitwa naJehovha,
Mwari waIsraeri.

*Vamwe vaRevhi vose*

20 Kana zviri zvimwe zvizvarwa zvaRevhi:

kubva kuvanakomana vaAmiramu, Shubhaeri;
kubva kuvanakomana vaShubhaeri: Jedheya.
21 Kana ari Rehabhia, kuvanakomana vake: Ishia aiva wokutanga.
22 Kubva kuvaIzhari: Sheromoti;
kubva kuvanakomana vaSheromoti: Jahati.
23 Vanakomana vaHebhuroni vaiva:
Jeria wokutanga, Amaria wechipiri, Jehazieri wechitatu naJekameami wechina.
24 Mwanakomana waUzieri aiva: Mika;
kubva kuvanakomana vaMika: Shamiri.
25 Munun'una waMika: Ishia;
kubva kuvanakomana vaIshia: Zekaria.
26 Vanakomana vaMerari vaiva: Mari naMushi.
Mwanakomana waJaazia aiva: Bheno.
27 Vanakomana vaMerari vaiva:
kubva kuna Jaazia: Bheno, Shoshami, Zakuri, naIbhiri.
28 Kubva kuna Mari: Ereazari, uye akanga asina vanakomana.
29 Kubva kuna Kishi mwanakomana waKishi aiva: Jerameeri.
30 Uye vanakomana vaMushi vaiti: Mari, Edheri naJerimoti.

Ava ndivo vaiva vaRevhi maererano nemhuri dzavo.

31 Vakakandawo mijenya sezvaingoita hama dzavo zvizvarwa zvaAroni,
pamberi paMambo Dhavhidhi naZadhoki, Ahimereki navakuru vemhuri
dzavaprista navaRevhi. Mhuri dzomukoma pane vose dzaingoverengwa
zvimwe chetezvo sedzomudiki pane vose.

# 25

*Vaimbi*

1 Dhavhidhi, pamwe chete navatungamiri vehondo: vakatsaura
vamwe vavanakomana vaAsafi, Hemani naJedhutuni kuti vaite ushumiri
hwokuprofita kuchiridzwa mbira, mitengeranwa namakandira. Aya
ndiwo mazita avarume vaiita basa iri.

2 Kubva kuvanakomana vaAsafi:
Zakuri, Josefa, Netania naAsarera. Vanakomana vaAsafi vaitungamirirwa naAsafi uyo aiprofita achitungamirirwa namambo.
3 Kana ari Jedhutuni, kuvanakomana vake:
Gedharia, Zeri, Jeshaya, Shimei, Hashabhia naMatitia, vatanhatu pamwe chete, vachitungamirirwa nababa vavo Jedhutuni uyo aiprofita achishandisa mbira mukuvonga nokurumbidza Jehovha.
4 Kana ari Hemani, kubva kuvanakomana vake:
Bhukia, Matania, Uzieri, Shubhaeri naJerimoti; Hanania, Hanani, Eriata, Gidhariti naRomamiti-Ezeri; Joshibhekasha, Maroti, Hotiri
naMahazioti. 5 Vose ava vaiva vanakomana vaHemani muoni
wamambo. Akavapiwa kubudikidza nezvivimbiso zvaMwari kuti amukudze. Mwari akapa Hemani vanakomana gumi navana, navanasikana vatatu.

6 Varume vose ava vaitungamirirwa namadzibaba avo mukuimba
mutemberi yaJehovha, nomukuridza makandira nemitengeranwa nembira, kuti vaite ushumiri paimba yaMwari. Asafi, Jedhutuni naHemani
vaiva pasi pamambo. 7 Pamwe chete nehama dzavo, vose vakadzidzira
uye vakava nyanzvi mukuimbira Jehovha, vaisvika mazana maviri
amakumi masere navasere. 8 Vaduku navakuru pamwe chete, mudzidzisi
pamwe chete nomudzidzi, vakakanda mijenya pakupiwa mabasa avo.

9 Mujenya wokutanga waiva waAsafi, wakawira pana Josefa,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
wechipiri kuna Gedharia,
iye nehama dzake navanakomana vake—gumi navaviri;
10 wechitatu kuna Zakuri,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
11 wechina kuna Iziri,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
12 wechishanu kuna Netania,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
13 wechitanhatu kuna Bhukia,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
14 wechinomwe kuna Jesarera,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
15 worusere kuna Jeshaya,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
16 wepfumbamwe kuna Matania,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
17 wegumi kuna Shimei,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
18 wegumi nomumwe kuna Azareri,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;

19 wegumi nemiviri kuna Hashabhia, vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
20 wegumi nemitatu kuna Shubhaeri, vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
21 wegumi nemina kuna Matitia, vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
22 wegumi nemishanu kuna Jerimoti, vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
23 wegumi nemitanhatu kuna Hanania, vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
24 wegumi neminomwe kuna Joshibhekasha,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
25 wegumi nemisere kuna Hanani, vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
26 wegumi nemipfumbamwe kuna Maroti,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
27 wamakumi maviri kuna Eriata,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
28 wamakumi maviri nomumwe kuna Hotiri,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
29 wamakumi maviri nemiviri kuna Gidhariti,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
30 wamakumi maviri nemitatu kuna Mahazioti,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri;
31 wamakumi maviri nemina kuna Romamiti-Ezeri,
vanakomana vake nehama dzake—gumi navaviri.

# 26

*Vachengeti veMikova*

1 Mapoka avachengeti vemikova aiva:

Kubva kuvaKora:
Mesheremia mwanakomana waKore, mumwe wavanakomana vaAsafi.
2 Mesheremia aiva navanakomana vaiti:
Zekaria dangwe, Jedhiaeri wechipiri,
Zebhadhia wechitatu, Jatinieri wechina,
3 Eramu wechishanu, Jehohanani wechitanhatu,
naEriehoenai wechinomwe.
4 Obhedhi-Edhomu aivawo navanakomana vaiti:
Shemaya dangwe, Jehozabhadhi wechipiri,
Joa wechitatu, Sakari wechina,
Netaneri wechishanu, 5 Amieri wechitanhatu,
Isakari wechinomwe naPeuretai wechisere.
(Nokuti Mwari akanga aropafadza Obedhi-Edhomu.)
6 Mwanakomana wake Shemaya aivawo navanakomana vaiva: vatungamiri mumhuri yababa vavo nokuti vaiva varume vaikwanisa
kwazvo. 7 Vanakomana vaShemaya vaiti:
Otini, Refaeri, Obhedhi naErizabhadhi;
hama dzake Erihu naSemakia vaivawo varume vaikwanisa.
8 Vose ava vaiva zvizvarwa zvaObhedhi-Edhomu. Ivo navanako-
mana vavo nehama dzavo vaiva varume vaikwanisa vaine

simba rokuita basa, zvizvarwa zvaObhedhi-Edhomu, vaisvika makumi matanhatu navaviri pamwe chete.

9 Mesheremia aiva navanakomana nehama vakanga vari varume voumhare vaisvika gumi navasere pamwe chete.

10 Hosa muMerati aiva navanakomana vaiti:
Shimiri wokutanga (kunyange zvake akanga asiri dangwe, baba vake vakamuita wokutanga.)
11 Hirikia wechipiri, Tabharia wechitatu
naZekaria wechina.
Vanakomana nehama dzaHosa vaiva gumi navatatu vose pamwe chete.

12 Aya mapoka avachengeti vamasuo, kubudikidza navakuru vavo, vaiva nemabasa okushumira mutemberi yaJehovha, sez-
vaingoitawo hama dzavo. 13 Mijenya yakakandwa nokuda
kwesuo rimwe nerimwe, maererano nemhuri dzavo, vadiki nevakuru pamwe chete.
14 Mujenya weSuo Rokumabvazuva wakawira pana Sheremia.
Zvino mijenya yakakandwa nokuda kwomwanakomana wake Zekaria, mupi wamazano akachenjera uye mujenya weSuo Rokumusoro wakawira paari.
15 Mujenya weSuo Rezasi wakawira pana Obhedhi-Edhomu, uye mujenya wedura wakawira kuvanakomana vake.
16 Mijenya yeSuo Rokumadokero neSuo reShareketi kunzira yokumusoro yakawira kuna Shupimi naHosa.

Murindi aimira parutivi rwomumwe murindi.
17 Kumabvazuva kwainge kuine vaRevhi vatanhatu pazuva,
kurutivi rwokumusoro kuine vana pazuva,
zasi kuine vana pazuva
uye vaviri panguva imwe chete padura.
18 Kana rwuri ruvanze rwokumadokero kwaiva navana kunzira navaviri paruvanze chaipo.

19 Aya ndiwo aiva mapoka avachengeti vemasuo avo vaiva zvizvarwa zvaKora naMerari.

### *Vabati veHomwe yeMari naMamwe Machinda*

20 Pakati pehama dzavo vaRevhi, Ahija ndiye aiva mukuru wavachengeti vepfuma yomumba yaMwari nepfuma yezvinhu zvakakumikidzwa.
21 Zvizvarwa zvaRadhani, avo vaiva vaGerishoni kubudikidza naRad-
hani uye vaiva vatungamiri vemhuri dzaRadhani muGerishoni vaiti:
Jehieri, 22 vanakomana vaJeheri, Zetami, nomunun'una wake Joere. Vaiva
nebasa rokuchengeta pfuma yetemberi yaJehovha.

23 Kubva kuvaAmiramu, vaIzhari, vaHebhuroni navaUzieri:

24 Shubhaeri chizvarwa chaGerishoni mwanakomana waMozisi,
ndiye aiva mukuru pakuchengetwa kwepfuma. 25 Hama dzake
kubudikidza naEriezeri dzaiva: Rehabhia mwanakomana wake, Jeshaya mwanakomana wake, Joramu mwanakomana wake, Zikiri mwanakomana wake naSheromiti mwanakomana wake.

[26] (Sheromiti nehama dzake vaiva nebasa rokuchengetedza pfuma
yose yezvinhu zvakakumikidzwa naMambo Dhavhidhi, navakuru
vemhuri dzavo vaiva vatungamiri vezviuru navatungamiri va-
mazana uye navamwe vatungamiri. [27] Zvimwe zvezvakapambwa
muhondo vakazvikumikidza kuti zvishandiswe pakugadziridza
temberi yaJehovha. [28] Uye zvose zvakakumikidzwa naSamueri
muoni naSauro naJoabhu mwanakomana waZeruya, nezvimwe zv-
inhu zvose zvakakumikidzwa zvaichengetwa naSheromiti nehama
dzake.)

[29] Kubva kuvaIzhari:

Kenania navanakomana vake vakapiwa mabasa ekure netemberi vari machinda navatongi muIsraeri.

[30] Kubva kuvaHebhuroni:

Hashabhia nehama dzake, varume chiuru namazana manomwe vaik-
wanisa ndivo vaiva vakuru muIsraeri kumadokero kweJorodhani
pabasa rose raJehovha napabasa rose ramambo. [31] Kana vari va-
Hebhuroni, Jeria ndiye aiva mukuru wavo maererano nezvinyorwa
zvenhoroondo dzemhuri dzavo.

(Mugore ramakumi mana rokutonga kwaDhavhidhi, pakaitwa on-
gororo yezvinyorwa zvenhoroondo, uye pakawanikwa varume
vaikwanisa pakati pavaHebhuroni paJazeri muGireadhi. [32] Jeria
aiva nehama zviuru zviviri namazana manomwe vaiva varume
vaikwanisa uye vari vakuru vemhuri dzavo, uye Mambo Dhavhidhi
akavaita kuti vave vatariri vavaRubheni, vaGhadhi, nehafu yorudzi
rwaManase kuti vagadzirise nyaya dzose dzezvaMwari nenyaya
dzose dzamambo.)

# 27

### *Mapoka eHondo*

[1] Aya ndiwo mazita avaIsraeri, vakuru vemhuri, vatungamiri vezviuru navatungamiri vamazana, namachinda avo, vaishandira mambo mune zvose pamusoro pamapoka avarwi ainge ari pabasa mwedzi nomwedzi mugore rose. Boka rimwe nerimwe raiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.

[2] Aitungamirira boka rokutanga mwedzi wokutanga, aiva Jashobheami
mwanakomana waZabhidhieri. Muboka rake maiva navarume zviuru
makumi maviri nezvina. [3] Aiva chizvarwa chaPerezi uyewo ari
mukuru wavakuru vavavarwi vose mumwedzi wokutanga.

[4] Aitungamirira boka remwedzi wechipiri ainzi Dhodhai muAhohi; Mikiroti ndiye aiva mutungamiri weboka rake. Muboka rake maiva nezviuru makumi maviri nezvina.

[5] Mukuru wavarwi wechitatu mumwedzi wechitatu ainzi Bhenaya
mwanakomana waJehoyadha muprista. Ndiye aiva mukuru uye
muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina. [6] Uyu
ndiye Bhenaya uya aiva mumwe woumhare pakati paMakumi Matatu
uye aiva pamusoro paMakumi Matatu vacho. Mwanakomana wake
Amizabhadhi ndiye aitungamirira boka rake.

[7] Wechina pamwedzi wechina, aiva Asaheri munun'una waJoabhu; mwanakomana wake Zebhadhia ndiye akamutevera pakutungamirira boka iri. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.

8 Wechishanu pamwedzi wechishanu, aiva mutungamiri Shamihuti muIzirahi. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.
9 Wechitanhatu pamwedzi wechitanhatu, aiva Ira mwanakomana waIkeshi muTeko. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.
10 Wechinomwe pamwedzi wechinomwe, aiva Herezi muPeroni, muEfuremu. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.
11 Worusere, pamwedzi worusere, aiva Sibhekai muHushati muZerahi. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.
12 Wechipfumbamwe, mumwedzi wechipfumbamwe, aiva Abhiezeri muAnatoti, muBhenjamini. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.
13 Wegumi, mumwedzi wegumi, aiva Maharai muNetofati, muZerahi. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.
14 Wegumi nomumwe, mumwedzi wegumi nomumwe, aiva Bhenaya muPiratoni, muEfuremu. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.
15 Wegumi navaviri, mumwedzi wegumi nemiviri, aiva Heridhai muNetofati, aibva mumhuri yaOtinieri. Muboka rake maiva navarume zviuru makumi maviri nezvina.

### *Machinda aMarudzi*

16 Machinda pamusoro pamarudzi aIsraeri aiti:

pamusoro pavaRubheni: Eriezeri mwanakomana waZikiri;
pamusoro pavaSimeoni: Shefatia mwanakomana waMaaka;
17 pamusoro paRevhi: Hashabhia mwanakomana waKemueri;
pamusoro paAroni: Zadhoki;
18 pamusoro paJudha: Erihu, munun'una waDhavhidhi;
pamusoro paIsakari: Omiri mwanakomana waMikaeri;
19 pamusoro paZebhuruni: Ishimaya mwanakomana waObhadhia;
pamusoro paNafutari: Jerimoti mwanakomana waAzirieri;
20 pamusoro pavaEfuremu: Hoshea mwanakomana waAzazia;
pamusoro pehafu yorudzi rwaManase: Joere mwanakomana waPedhaya;
21 pamusoro pehafu yorudzi rwaManase muGireadhi: Idho mwanakomana waZekaria;
pamusoro paBhenjamini: Jaasieri mwanakomana waAbhineri;
22 pamusoro paDhani: Azareri mwanakomana waJerohamu.

Ava ndivo vaiva machinda pamusoro pamarudzi avaIsraeri.

23 Dhavhidhi haana kuverenga varume vaiva namakore makumi maviri
zvichidzika, nokuti Jehovha akanga avimbisa kuti vaIsraeri vaizowanda
senyeredzi dziri mudenga.
24 Joabhu mwanakomana waZeruya akatanga
kuverenga varume ava asi haana kuzopedza. Kutsamwa kwakauya pamusoro peIsraeri nokuda kwokuverengwa uku, saka uwandu uhu hahuna kuiswa mubhuku renhoroondo dzegore negore raMambo Dhavhidhi.

### *Vatariri vaMambo*

25 Azimavheti mwanakomana waAdhieri aiva muchengeti wamatura amambo.

Jonatani mwanakomana waUzia aiva muchengeti wamatura kumaruwa okure, mumaguta, mumisha neshongwe dzavarindi.
26 Eziri mwanakomana waKerubhi aiva mutariri pamusoro wavashandi vairima minda.
27 Shimei muRamati aiva mutariri weminda yemizambiringa.
Zabhidhi muShifimi aiva mutariri wezvibereko zveminda yemizambiringa zvokuzoisa muzvirongo zvewaini.
28 Bhaari-Hanani muGedheri aiva mutariri wemiorivhi nemionde yakanga iri mujinga mezvikomo zvokumadokero.
Joashi aiva mutariri wamafuta omuorivhi.
29 Shitirai muSharoni, aiva mutariri wemombe dzaifura muSharoni.
Shafati mwanakomana waAdhirai ndiye aiva mutariri wemombe dzaiva mumipata.
30 Obhiri muIshumaeri aiva mutariri wengamera.
Jedheya muMeronoti aiva mutariri wembongoro.
31 Jazizi muHagiri aiva mutariri wamakwai.
Ava ndivo vaiva vabati vaichengeta pfuma yaMambo Dhavhidhi.

32 Jonatani, babamunini vaDhavhidhi vaiva mupi wamazano, murume woruzivo nomunyori.
Jehieri mwanakomana waHakimoni aiva muchengeti wavanakomana vamambo.
33 Ahitoferi aiva mupi wamazano kuna mambo.
Hushai muAriki aiva shamwari yamambo.
34 (Ahitoferi akazoteverwa pachinzvimbo naJehoyadha mwanakomana waBhenaya uye naAbhiatari.)
Joabhu ndiye aiva mutungamiri wehondo yamambo.

# 28

*Urongwa hwaDhavhidhi pamusoro peTemberi*

1 Dhavhidhi akarayira vabati veIsraeri vose kuti vaungane pa-
Jerusarema: vabati pamusoro pamarudzi, vatungamiri vamapoka ais-
handira mambo, vatungamiri vezviuru navatungamiri vamazana, nav-
abati vaichengeta zvinhu nezvipfuwo zvamambo uye navanakomana
vake, pamwe chete navabati vomumuzinda wamambo, varume vane
simba nemhare dzose dzakashinga.

2 Mambo Dhavhidhi akasimuka akamira akati, "Teererai kwandiri,
hama dzangu navanhu vangu. Zvakanga zviri mumwoyo mangu kuti
ndivake imba senzvimbo yokuzororera yeareka yesungano yaJehovha,
kuti zvive chitsiko chetsoka dzaMwari wedu, uye ndakaita urongwa
hwokuivaka. 3 Asi Mwari akati kwandiri, 'Iwe hausi kuzovakira Zita rangu
imba, nokuti uri murwi uye wakateura ropa.'

4 "Asi Jehovha, Mwari waIsraeri, akandisarudza kubva kumhuri yangu
yose kuti ndive mambo pamusoro paIsraeri nokusingaperi. Akasarudza
Judha kuti ave mhuri yangu, uye kubva muvanakomana vababa vangu
akafadzwa nokundiita mambo pamusoro peIsraeri. 5 Pavanakomana
vangu vose, uye Jehovha akandipa vakawanda kwazvo, iye akasarudza
mwanakomana wangu Soromoni kuti agare pachigaro choumambo hwa-
Jehovha pamusoro paIsraeri. 6 Akati kwandiri, 'Soromoni mwanakomana
wako ndiye achavaka imba yangu nezvivanze zvangu, ndichava baba

vake. 7 Ndichasimbisa umambo hwake nokusingaperi kana iye akatsun-
girira mukuita zvandakarayira nemitemo yangu sezviri kuitwa panguva
ino.'
8 "Saka zvino ndinokurayira pamberi peIsraeri yose uye napamberi
peungano yaJehovha, uye Mwari wedu achinzwa: Chenjerera kuti utevere
kurayira kwose kwaJehovha senhaka kuvana vako nokusingaperi.
9 "Newewo mwanakomana wangu Soromoni, ziva Mwari wababa vako,
uye umushumire nomwoyo wose uye nepfungwa dzako dzose, nokuti
Jehovha anonzvera mwoyo uye anonzwisisa chinangwa chipi nechipi chiri
mupfungwa. Ukamutsvaga achawanikwa newe, asi kana ukamurasa, iye
achakuramba nokusingaperi. 10 Funga zvino, nokuti Jehovha akusarudza
kuti uvake temberi senzvimbo tsvene. Iva nesimba uye uite basa iri."
11 Ipapo Dhavhidhi akapa mwanakomana wake Soromoni urongwa hwe-
biravira retemberi, dzimba dzayo, matura ayo, makamuri ayo okumusoro,
makamuri ayo omukati uye nenzvimbo yokuyananisira. 12 Akamupa
urongwa hwazvose zvakanga zvaiswa noMweya mupfungwa make pa-
musoro pezvivanze zvetemberi yaJehovha namakamuri ose akapoteredza,
pamusoro pamatura epfuma yetemberi yaMwari napamusoro pamatura
ezvinhu zvakakumikidzwa. 13 Akamurayira zvokuita pamusoro pamapoka
avaprista navaRevhi uye napamusoro pebasa rose rokushumira mutem-
beri yaJehovha, uyewo napamusoro pemidziyo yaizoshandiswa mubasa
rayo. 14 Akarayira uremu hwegoridhe remidziyo yose yaizoshandiswa
mumhando dzose dzokushumira, nouremu hwesirivha yemidziyo yose
yaizoshandiswa mumhando dzose dzokushumira: 15 Uremu hwegoridhe
rezvigadziko zvemwenje zvegoridhe nemwenje yazvo, nouremu hwechi-
gadziko chomwenje chimwe nechimwe, nemwenje yacho, maererano
nokushandiswa kwechigadziko chemwenje chimwe nechimwe. 16 Uremu
hwegoridhe retafura imwe neimwe yechingwa chakatsaurwa; uremu
hwesirivha yetafura dzesirivha; 17 uremu hwegoridhe rakanatswa re-
forogo, ndiro dzokusasa nemikombe; uremu hwegoridhe nedhishi rimwe
nerimwe regoridhe; uremu hwesirivha yedhishi rimwe nerimwe re-
sirivha; 18 uye uremu hwegoridhe rakanatswa nearitari yezvinonhuhwira.
Akamupawo mufananidzo wengoro iyo ina makerubhi egoridhe akatam-
banudza mapapiro awo achifukidza areka yesungano yaJehovha.
19 Dhavhidhi akati, "Zvose izvi ndakazviziviswa zvanyorwa noruoko
rwaJehovha uye akaita ndinzwisise urongwa hwake hwose."
20 Dhavhidhi akatiwo kumwanakomana wake Soromoni, "Simba ut-
sunge mwoyo, uye uite basa iri. Usatya kana kuora mwoyo, nokuti
Jehovha Mwari, Mwari wangu, anewe. Haachazokusiyi kana kukurasa,
kusvikira basa rose rokushandira temberi yaJehovha rapera. 21 Mapoka
avaprista navaRevhi akagadzirira kuita basa rose rapatemberi yaMwari,
uye murume wose anoda uye ane umhizha hupi nehupi pamabasa amaoko
achakubatsira pabasa iri rose. Vabati vose navanhu vose vachateerera
kurayira kwako kwose."

# 29

*Zvipo Zvokuvakisa Temberi*

1 Ipapo Mambo Dhavhidhi akati kuungano yose, "Mwanakomana wangu
Soromoni uyo asarudzwa naMwari mudiki uye haasati ava kunyatsog-
ona. Basa iri iguru kwazvo nokuti muzinda uyu hausi womunhu asi
ndowaJehovha Mwari. 2 Nokuwana kwangu kwose ndapa kutemberi

yaMwari wangu goridhe pabasa regoridhe, sirivha pabasa resirivha,
ndarira pabasa rendarira, simbi pabasa resimbi uye matanda pabasa
ramatanda, pamwe chete neonikisi, namabwe okuisa mukati namatombo
amavara akasiyana-siyana, namamwe mabwe akaurungana amarudzi
ose namamwe machena, zvose izvi zvakawanda kwazvo. 3 Pamusoro
pezvo mukuzvipira kwangu kutemberi yaMwari wangu zvino ndava kupa
upfumi hwangu pachangu hwegoridhe nesirivha kutemberi yaMwari
wangu, ndichiwedzera pamusoro pezvose zvandakapa kutemberi iyi
tsvene zvinoti: 4 Matarenda zviuru zvitatu* egoridhe (goridhe reOfiri) na-
matarenda zviuru zvinomwe† esirivha yakanatswa yokufukidza madziro
edzimba, 5 kuitira basa regoridhe, nebasa resirivha uye kuti basa rose
riitwe navarume voumhizha. Zvino ndiani anoda kuzvitsaurira kuna
Jehovha nhasi!”

6 Ipapo vatungamiri vemhuri, vakuru vamarudzi eIsraeri, vatungamiri
vezviuru, vatungamiri vamazana namachinda aitungamirira basa ra-
mambo vakapa nomwoyo unoda. 7 Vakapa kubasa rapatemberi
matarenda zviuru zvishanu‡ namadhariki zviuru gumi§ egoridhe,
matarenda zviuru gumi* esirivha, matarenda zviuru gumi nezvisere†
endarira, namatarenda zviuru zana‡ esimbi. 8 Ani naani akanga ane
matombo anokosha akapa ose kuimba yokuchengeta pfuma yetemberi
yaJehovha zvichichengetwa naJehieri muGerishoni. 9 Vanhu vakapembera
nomufaro pavakaona kuti vatungamiri vavo vakanga vapa nomwoyo
unoda, nokuti vakanga vapa kuna Jehovha vakasununguka uye nomwoyo
wose. Mambo Dhavhidhi akafarawo zvikuru.

### *Munyengetero waDhavhidhi*

10 Dhavhidhi akarumbidza Jehovha pamberi peungano yose achiti,
“Rumbidzwai imi Jehovha,
Mwari wababa vedu Israeri,
kubva kusingaperi kusvika kusingaperi.
11 Ukuru nesimba ndezvenyu, imi Jehovha,
kukudzwa noushe nokubwinya,
nokuti zvose zviri kudenga napasi ndezvenyu.
Umambo ndohwenyu,
imi Jehovha munokudzwa somusoro wezvose.
12 Upfumi nokuremekedzwa zvinobva kwamuri;
ndimi mutongi wezvinhu zvose.
Mumaoko enyu mune simba noushe
kuti musimudzire uye musimbise vanhu vose.
13 Zvino, Mwari wedu, tinokuvongai,
uye tinorumbidza zita renyu rakanakisa.

14 “Asi ini ndini aniko, uye vanhu vangu ndivanaaniko kuti tingakwanisa
kupa zvakawanda kudai? Zvose zvinobva kwamuri, uye tangokupai
chete zvinobva mumaoko enyu. 15 Tiri vatorwa navapfuuri pamberi
penyu, sezvakanga zvakaita madzibaba edu ose. Mazuva edu panyika
akaita somumvuri, asina tariro. 16 Imi Jehovha, Mwari wedu, izvi
zvose zvakawanda kudai zvatapa kuti temberi yenyu ivakwe nokuda
kweZita renyu Dzvene zvinobva muruoko rwenyu uye zvose ndezvenyu.

---

* **29:4** 29:4 matani angaita 100 † **29:4** 29:4 matani angaita 240 ‡ **29:7** 29:7 matani angaita 170 § **29:7** 29:7 matani angaita 84 * **29:7** 29:7 matani angaita 345 † **29:7** 29:7 matani angaita 620 ‡ **29:7** 29:7 matani angaita 3,450

17 Ndinoziva, Mwari wangu, kuti munoedza mwoyo uye munofadzwa nokururama. Zvinhu zvose izvi ndakupai ndichida uye nomwoyo wakatendeka. Uye zvino ndaona ndikafadzwa namapiro aita vanhu venyu
vari pano kwamuri nomwoyo unoda. 18 Imi Jehovha, Mwari wamadzibaba edu Abhurahama, Isaka, naIsraeri, chengetedzai kudokwairira kwakadai mumwoyo yavanhu venyu nokusingaperi, uye muite kuti mwoyo yavo
irambe yakazvipira kwamuri. 19 Uye ipai mwanakomana wangu Soromoni mwoyo wakaperera kuti achengete mirayiro yenyu, zvose zvamunoda nemitemo yenyu uye kuti aite zvose kuti avake muzinda wandagadzirira zvose izvi."
20 Ipapo Dhavhidhi akati kuungano yose, "Rumbidzai Jehovha Mwari wenyu." Saka vose vakarumbidza Jehovha, Mwari wamadzibaba avo; vakakotamira pasi vakawira pasi nezviso pamberi paJehovha naMambo.

### *Soromoni anogamuchirwa saMambo*

21 Zuva raitevera vakapa zvipiriso kuna Jehovha vakapa zvipiriso zvinopiswa kwaari zvinoti: hando chiuru, makondobwe chiuru, namakwayana makono chiuru, pamwe chete nezvipiriso zvavo zvokunwa,
nezvimwe zvibayiro zvakawanda zveIsraeri. 22 Vakadya uye vakanwa nomufaro mukuru pamberi paJehovha zuva iroro.
Ipapo vakazogamuchira Soromoni mwanakomana waDhavhidhi samambo kechipiri, vakamuzodza pamberi paJehovha kuti ave mutongi,
uye Zadhoki ave muprista. 23 Saka Soromoni akagara pachigaro choushe chaJehovha samambo panzvimbo yababa vake Dhavhidhi. Akabudirira
uye Israeri yose yakamuteerera. 24 Vatungamiri vose pamwe chete navarume voumhare, pamwe chete navanakomana vose vaMambo vaDhavhidhi vakavimbisa kuzviisa pasi paMambo Soromoni.
25 Jehovha akasimudzira Soromoni kwazvo pamberi peIsraeri yose akaisa paari kukudzwa kwoumambo kusina kumbopiwa mumwe mambo weIsraeri akamutangira.

### *Kufa kwaDhavhidhi*

26 Dhavhidhi mwanakomana waJese aiva mambo pamusoro peIs-
raeri yose. 27 Akatonga Israeri kwamakore makumi mana, manomwe
muHebhuroni uye makumi matatu namatatu muJerusarema. 28 Akafa
akwegura zvikuru ararama upenyu hurefu, hune upfumi nokukudzwa. Mwanakomana wake Soromoni akamutevera paumambo.
29 Kana zviri zvinhu zvakaitika panguva yokutonga kwaMambo Dhavhidhi kubva pakutanga kusvika kumagumo, zvakanyorwa muzvinyorwa zvaSamueri muoni, zvinyorwa zvaNatani muprofita, uye no-
muzvinyorwa zvaGadhi muoni, 30 pamwe chete nenhoroondo dzokutonga kwake, uye nesimba, nezvinhu zvakaitika kwaari iye neIsraeri noumambo hwedzimwe nyika dzose.

# 2 MAKORONIKE

*Soromoni anokumbira Uchenjeri*

1 Soromoni mwanakomana waDhavhidhi akasimbisa kwazvo ushe
hwake, nokuti Jehovha Mwari wake akanga anaye uye akamuita kuti ave
mukuru kwazvo.

2 Ipapo Soromoni akataura kuIsraeri yose, kuvatungamiri vezviuru
nokuvatungamiri vamazana, kuvatongi nokuvatungamiri vose muIsraeri,
vakuru vemhuri, 3 uye Soromoni neungano yose vakaenda kunzvimbo
yakakwirira yeGibheoni, nokuti Tende Rokusangana raMwari rakanga
ririko, iro rakanga ragadzirwa naMozisi muranda waMwari murenje.
4 Zvino Dhavhidhi akanga auyisa areka yaMwari kubva kuKiriati Jearimi
kunzvimbo yaakanga aigadzirira nokuti akanga aidzikira tende mu-
Jerusarema. 5 Asi aritari yendarira yakanga yagadzirwa naBhezareri
mwanakomana waUri, mwanakomana waHuri, yakanga iri muGibheoni
pamberi peTabhenakeri yaJehovha; saka Soromoni neungano vakando-
mubvunza ipapo. 6 Soromoni akakwira kuaritari yendarira pamberi
paJehovha muTende Rokusangana akandobayira zvipiriso zvinopiswa
zvinokwana chiuru pairi.

7 Usiku ihwohwo Mwari akazviratidza kuna Soromoni akati kwaari,
"Kumbira chose chaungada kuti ndikupe."

8 Soromoni akapindura Mwari akati, "Makaratidza unyoro hwenyu
hukuru kwazvo kuna Dhavhidhi baba vangu uye mukandiita mambo
pachinzvimbo chavo. 9 Zvino, Jehovha Mwari, itai henyu kuti chivimbiso
chenyu kuna baba vangu Dhavhidhi chizadziswe, nokuti makandiita
mambo pamusoro pavanhu vakawanda seguruva renyika. 10 Ndipeiwo
uchenjeri noruzivo, kuti ndigotungamirira vanhu ava, nokuti ndiani
angagona kutonga vanhu venyu vakawanda ava?"

11 Mwari akati kuna Soromoni, "Sezvo ichi chiri chido chemwoyo wako
uye hauna kukumbira upfumi hwakawanda kana kukudzwa, kana kufa
kwavavengi vako, uye nokuti hauna kukumbira upenyu hurefu asi uchen-
jeri noruzivo kuti utonge vanhu vangu avo vandakuita mambo pamusoro
pavo, 12 naizvozvo uchapiwa uchenjeri noruzivo. Uye ini ndichakupawo
upfumi, hwakawanda nokukudzwa zvisati zvambowanikwa namadzi-
mambo ose akakutangira zvakare hakunazve mambo achauya shure
kwako achava nazvo."

13 Ipapo Soromoni akaenda kuJerusarema achibva kunzvimbo yakak-
wirira paGibheoni, kubva paTende Rokusangana. Uye akatonga Israeri.

14 Soromoni akazviunganidzira ngoro namabhiza; aiva nengoro chiuru
namazana mana, nezviuru gumi nezviviri zvamabhiza, zvaaichengetera
mumaguta engoro uye nokuJerusarema kwaaivawo. 15 Mambo akaita kuti
sirivha negoridhe zviwanikwe kwose kwose muJerusarema samatombo
uye misidhari ikawanda semionde mujinga mezvikomo. 16 Mabhiza
aSoromoni aitengwa kuIjipiti nokuKuwe, vatengi vamambo vaitenga
kubva kuKuwe. 17 Vaitenga ngoro imwe chete kubva kuIjipiti ichiita
mashekeri mazana matanhatu* esirivha uye bhiza rimwe chete richiita

* **1:17** 1:17 makirogiramu angaita 7

mashekeri zana namakumi mashanu†. Ivo vaizoatengeserawo kumadzimambo ose avaHiti navaAramu.

# 2

*Kugadzirira kuti Temberi ivakwe*

1 Soromoni akada kuvaka temberi yeZita raJehovha uye nomuzinda
wakewo. 2 Akatuma varume zviuru makumi manomwe kuti vave vatakuri vamabwe, navarume zviuru makumi masere kuti vave vavezi vamatombo mumakomo uye varume zviuru zvitatu namazana matanhatu kuti vave vatariri vavo.
3 Soromoni akatumira shoko iri kuna Hiramu mambo weTire:

"Nditumireiwo matanda emisidhari sezvamakaitira baba vangu Dhavhidhi pamakavatumira misidhari yokuvakisa muzinda wavo kuti
vagaremo. 4 Zvino ndava kuda kuvakira Zita raJehovha Mwari wangu temberi ndigoikumikidza kwaari kuti ndigopisira zvinonhuhwira pamberi pake, kuti ndigoisa chingwa chakatsaurwa nguva dzose uye kuti ndigoita zvipiriso zvinopiswa mangwanani namanheru oga oga, pamaSabata, paKugara kwoMwedzi napamitambo yakatarwa yaJehovha Mwari wedu. Uyu ndiwo murayiro wakapiwa Israeri nokusingaperi.
5 "Temberi yandichavaka ichange iri huru nokuti Mwari wedu
mukuru kupinda vamwari vose. 6 Asi ndiani angakwanisa kumuvakira temberi, sezvo iye asingakwani kunyange mumatenga okumusoro-soro? Ko, ini ndini aniko kuti ndingamuvakirawo temberi asi chete senzvimbo yokupisira zvipiriso zvinopiswa pamberi pake?
7 "Saka zvino nditumirewo, murume ano unyanzvi hwokushandisa goridhe, nesirivha, ndarira, nesimbi uye nemicheka yepepuru nemitsvuku neyebhuruu, ane ruzivo rwezvokuveza kuti ashande muJudha neJerusarema pamwe chete navarume vakachenjera vakasiyiwa naDhavhidhi baba vangu.
8 "Nditumireiwo misidhari, mipaini namatanda emiarigumi kubva kuRebhanoni nokuti ndinoziva kuti vanhu venyu vane unyanzvi mukutema matanda ikoko. Vanhu vangu vachashanda pamwe chete
nevako 9 kuti ndiwane matanda mazhinji kwazvo nokuti temberi
yandichavaka inofanira kuva huru uye yakanaka zvikuru. 10 Ndichapa
varanda vako vachatema matanda, zviyero zviuru makumi maviri* zvegorosi, zviyero zviuru makumi maviri zvebhari, mabhati ewaini zviuru makumi maviri† uye mabhati amafuta omuorivhi zviuru makumi maviri."

11 Hiramu mambo weTire akapindura netsamba kuna Soromoni akati:

"Nokuti Jehovha anoda vanhu vake, akakuita mambo wavo."

12 Uye Hiramu akaenderera mberi achiti:

"Jehovha Mwari waIsraeri ngaarumbidzwe iye akaita denga nenyika! Akapa mambo Dhavhidhi mwanakomana akachenjera, azere noungwaru nokunzwisisa, achavakira Jehovha temberi uye uye achazvivakirawo muzinda wake.
13 "Ndiri kukutumira Hurami-Abhi murume ano unyanzvi kwazvo.
14 Mai vake vaibva kuDhani uye baba vake vaibva kuTire. Akadzidziswa kushanda negoridhe, nesirivha, ndarira, nesimbi, matombo namatanda uye nemicheka yepepuru neyebhuruu, nemitsvuku, nemicheka yakaisvonaka. Ane ruzivo mukuveza kwamarudzi ose uye

† **1:17** 1:17 makirogiramu angaita 1.7 * **2:10** 2:10 makirorita angaita 4,400 † **2:10** 2:10 makirorita angaita 440

anogona kuveza achiteedzera zvose zvaanenge arayirwa. Achashanda
nemhizha dzenyu pamwe chete nedzaishe wangu Dhavhidhi baba vako.
15 "Zvino ishe wangu ngaatumire varanda vake gorosi nebhari na-
mafuta omuorivhi newaini zvamakavimbisa, 16 isu tichatema matanda
ose kubva kuRebhanoni omuonde uye tichaaeredzesa pamagwa ne-
mugungwa achidzika kusvika kuJopa. Munogona ipapo kuzoatora
moaendesa kuJerusarema."
17 Soromoni akaverenga vatorwa vose vaiva muIsraeri mushure
mokuverengwa kwavanhu nababa vake Dhavhidhi; uye vakawanikwa
vari zviuru zana namakumi mashanu nezvitatu namazana matanhatu.
18 Akarayira zviuru makumi manomwe kuti vave vatakuri vamatombo
uye zviuru makumi masere kuti vave vavezi vamatombo muzvikomo, uye
zviuru zvitatu namazana matanhatu kuti vave vatariri pamusoro pavo
kuti vanhu varambe vachishanda.

# 3

*Soromoni anovaka Temberi*

1 Ipapo Soromoni akatanga kuvaka temberi yaJehovha muJerusarema
pagomo reMoria, apo Jehovha akanga azviratidza kuna baba vake
Dhavhidhi. Pakanga pari paburiro raArauna muJebhusi, nzvimbo
yakapiwa naDhavhidhi. 2 Akatanga kuvaka pazuva rechipiri mumwedzi
wechipiri mugore rechina rokutonga kwake.
3 Nheyo dzakaiswa dzakanga dziri makubhiti makumi matanhatu[*]
pakureba uye makubhiti makumi maviri[†] paupamhi hwayo (kana tichis-
handisa kubhiti rechiero chakare). 4 Biravira rapamberi petemberi
rakanga rakareba makubhiti makumi maviri[‡] pamberi paupamhi hwe-
imba uye rakanga rakareba makubhiti makumi maviri kuenda mudenga.
Akafukidza mukati mayo negoridhe rakaisvonaka. 5 Akaroverera
muimba huru mapuranga emipaini akaifukidza negoridhe rakaisvonaka
akaishongedza nemiti yemichindwe nezvishongo zvengetani.
6 Akashongedza temberi namatombo anokosha. Uye goridhe
raakashandisa raiva goridhe rokuParivhaimi. 7 Akafukidzawo matanda
edenga magwatidziro, madziro, namakonhi etemberi negoridhe, uye
akavezera makerubhi pamadziro.
8 Akavaka Nzvimbo Tsvene-tsvene, kureba kwayo kwaienderana
noupamhi hwetemberi makubhiti makumi maviri, urefu hwayo uye
upamhi hwayo makubhiti makumi maviri. Akafukidza mukati mayo
namatarenda mazana matanhatu[§] egoridhe rakaisvonaka. 9 Zvipikiri
zvegoridhe zvairema mashekeri makumi mashanu[*]. Akafukidzawo
nzvimbo dzokumusoro negoridhe.
10 MuNzvimbo Tsvene-tsvene akagadzira makerubhi maviri akavezwa
akaafukidza negoridhe. 11 Mapapiro amakerubhi pamwe chete aisvika
makubhiti makumi maviri pakureba kwawo. Bapiro rimwe chete
rekerubhi rokutanga rakanga rakareba makubhiti mashanu[†] uye raibata
madziro etemberi, rimwe bapiro rayo rakareba makubhiti mashanu
richibata rimwe bapiro reimwe kerubhi. 12 Zvimwe chetezvo bapiro
rimwe rekerubhi rechipiri rakanga rakareba makubhiti mashanu uye

---

[*] **3:3** 3:3 mamita angaita 27 [†] **3:3** 3:3 mamita angaita 9 [‡] **3:4** 3:4 mamita angaita 9, uyewo nomundima 8, 11 ne13 [§] **3:8** 3:8 matani angaita 21 [*] **3:9** 3:9 0.6 yekirogiramu [†] **3:11** 3:11 mamita angaita 2.3, uyewo nomundima 15

raibata mamwe madziro etemberi uye rimwe racho rakareba zvimwe
chetezvo makubhiti mashanu richibata bapiro rekerubhi rokutanga.
13 Mapapiro amakerubhi aiva akareba makubhiti makumi maviri. Akanga
akamira namakumbo awo, akatarisa kuimba huru.
14 Akagadzira chidzitiro nezvakarukwa zvebhuruu, zvepepuru,
nezvitsvuku nomucheka wakaisvonaka, namakerubhi akasonerwapo.
15 Pamberi petemberi akagadzira mbiru mbiri, dzose pamwe chete
dzakanga dzakareba makubhiti makumi matatu namashanu‡, mbiru imwe
neimwe yaiva nomusoro pamusoro payo wakanga wakareba makubhiti
mashanu. 16 Akagadzira ngetani dzakarukwa akadziisa pamusoro pem-
biru. Akagadzirawo matamba zana akaasungirira pangetani. 17 Akamisa
mbiru pamberi petemberi, imwe zasi uye imwe kumusoro. Yezasi
akaitumidza kuti Jakini uye yokumusoro akaitumidza kuti Bhoazi.

# 4

*Midziyo yomuTemberi*
1 Akavaka aritari yendarira yakanga yakareba makubhiti makumi
maviri*, uye upamhi hwayo hwaiva makubhiti makumi maviri uye
yakareba makubhiti gumi† kuenda mudenga. 2 Akaita Gungwa resimbi,
rakatenderera pakuvakwa kwaro, rakareba makubhiti gumi pamuromo
waro kubva kune rumwe rutivi kusvika kune rumwe rutivi uye makubhiti
mashanu‡ kuenda mudenga. Zvaida tambo yakareba makubhiti makumi
matatu§ kuti ikwanise kupoteredza gungwa iri. 3 Pazasi pomuromo,
zvifananidzo zvehando zvairipoteredza, zviri gumi pakubhiti rimwe
chete*. Hando idzi dzakanga dzakaiswa mumitsara miviri dziri chinhu
chimwe chete neGungwa.
4 Gungwa rakanga rakamira pamusoro pehando gumi nembiri, nhatu
dzakatarisa kumusoro, nhatu dzakatarisa kumavirira, nhatu dzakatarisa
zasi, uye nhatu dzakatarisa kumabvazuva. Gungwa rakanga raka-
gara pamusoro padzo uye shure kwadzo kwakanga kwakatarisa pakati.
5 Ukobvu hwaro hwakanga hwakaita sokufara kwechanza† uye muromo
waro wakanga wakaita somuromo womukombe, seruva rehapa. Raizara
namabhati zviuru zvitatu‡.
6 Akagadzirazve madhishi okusukira gumi akaisa mashanu kudivi
rezasi, uye mashanu kudivi rokumusoro. Zvinhu zvose zvaizoshan-
diswa pazvipiriso zvinopiswa zvaisukirwamo, asi Gungwa raizoshandiswa
navaprista pakushamba.
7 Akagadzira zvigadziko zvemwenje gumi zvegoridhe, sokurayirwa
kwazvakanga zvaitwa akazviisa mutemberi, zvishanu akaisa zasi zvis-
hanu kumusoro.
8 Akagadzira tafura gumi akadziisa mutemberi, shanu zasi uye shanu
kumusoro. Akagadzirawo mbiya dzegoridhe zana dzokusasa.
9 Akagadzira chivanze chavaprista, nechivanze chikuru nemikova
yechivanze uye akafukidza mikova nendarira. 10 Akaisa Gungwa kudivi
rezasi, pakona yezasi yakadziva kumabvazuva.
11 Akagadzirazve hari nefoshoro nembiya dzokusasa.

‡ **3:15** 3:15 mamita angaita 16 * **4:1** 4:1 mamita angaita 9 † **4:1** 4:1 mamita angaita 4.5
‡ **4:2** 4:2 mamita angaita 2.3 § **4:2** 4:2 mamita angaita 13.5 * **4:3** 4:3 0.5 yemita † **4:5** 4:5
masendimita angaita 8 ‡ **4:5** 4:5 makirorita angaita 66

Saka Hurami akapedza basa raakaitira mambo Soromoni mutemberi yaMwari sezvinotevera:

12 mbiru mbiri;
misoro miviri yakanga yakaumbwa sembiya pamusoro pembiru;
mimbure miviri yakanga yakashongedza misoro miviri yakanga yakaumbwa pamusoro pembiru;
13 Matamba mazana mana emimbure miviri nemimwe yakanga yakashongedza misoro yakanga yakaumbwa sembiya pamisoro yembiru;
14 zvigadziko namadhishi azvo;
15 Gungwa nehando gumi nembiri pasi paro;
16 hari, foshoro, forogo dzenyama, nemimwe midziyo yose.

Zvinhu zvose zvakagadzirwa naHurami-Abhi zvamambo Soromoni
zvetemberi yaJehovha zvaiva zvendarira inobwinya. 17 Mambo akaita
kuti zviumbwe nevhu mubani reJorodhani pakati peSukoti neZaretani.
18 Zvinhu izvi zvose zvakagadzirwa naSoromoni zvakanga zvakawanda
kwazvo zvokuti uremu hwendarira yakashandiswa hwakanga husingaverengeki.

19 Soromoni akagadzirazve midziyo yose yakanga iri mutemberi yaMwari yaiti:

aritari yegoridhe;
tafura dzaiva nechingwa choKuratidza;
20 zvigadziko zvemwenje zvegoridhe nemwenje yazvo kuti ipfute pamberi penzvimbo tsvene yomukati sezvakarayirwa;
21 maruva egoridhe nemwenje nembato (dzaiva dzegoridhe chairo);
22 zvidzimiso zvemwenje, mbiya dzokusasa, madhishi nezvaenga zvomoto zvegoridhe yakaisvonaka namakonhi egoridhe, etemberi: makonhi omukati yapaNzvimbo Tsvene-tsvene namakonhi eimba huru.

# 5

1 Basa rose rakaitwa naSoromoni patemberi yaJehovha rakati rapera, akauyisa zvinhu zvakanga zvakakumikidzwa nababa vake Dhavhidhi, zvesirivha negoridhe nemidziyo yose akazviisa mudzimba dzokuchengetera dzetemberi yaMwari.

## *Areka inouyiswa kuTemberi*

2 Ipapo Soromoni akadana vakuru veIsraeri kuJerusarema, vose vakuru
vamarudzi navakuru vemhuri dzeIsraeri, kuti vauyise areka yesungano
yaJehovha kubva kuZioni Guta raDhavhidhi. 3 Uye varume vose veIsraeri
vakauya pamwe chete kuna mambo panguva yomutambo mumwedzi
wechinomwe.
4 Vakuru vose vaIsraeri pavakasvika, vaRevhi vakasimudza areka,
5 uye vakauyisa areka neTende Rokusangana nemidziyo inoyera yaivamo.
Vaprista ava vaiva vaRevhi vakazvitakura vakakwira nazvo; 6 uye Mambo
Soromoni neungano yose yaIsraeri yakanga yaungana paari vakanga vari
pamberi peareka vachibayira makwai mazhinji kwazvo nemombe zhinji
zvokuti zvaisagona kunyorwa kana kuverengeka.

7 Ipapo vaprista vakauya neareka yesungano yaJehovha panzvimbo
yayo munzira tsvene yomukati metemberi, muNzvimbo Tsvene-tsvene
vakaiisa pasi pemapapiro emakerubhi. 8 Makerubhi akanga akatam-
banudza mapapiro awo pamusoro penzvimbo yeareka uye akanga aka-
fukidza areka namatanda ayo okutakurisa. 9 Matanda aya akanga akareba
zvokuti miromo yawo, kubva paareka, aigona kuonekwa kubva nechem-
beri kwomukati menzvimbo tsvene, asi kwete uri kunze kweNzvimbo
Tsvene. Uye achiripo nanhasi. 10 Muareka makanga musina chinhu kunze
kwamahwendefa maviri akanga aiswamo naMozisi paHorebhi, Jehovha
pavakaita sungano neIsraeri mushure mokunge vabuda muIjipiti.

11 Ipapo vaprista vakabuda kubva muNzvimbo Tsvene. Vaprista
vose vakanga varipo vakanga vazvinatsa zvisinei kuti vaiva vamapoka
api. 12 VaRevhi vose vaiva vaimbi vaiti Asafi, Hemani, Jedhutuni
navanakomana vavo nehama dzavo, vakamira kumabvazuva kwearitari
vakapfeka micheka yakaisvonaka vachiridza makandira, mitengeranwa
nembira. Vakanga vachiteverwa navaprista zana namakumi maviri
vairidza hwamanda. 13 Varidzi vehwamanda navaimbi vakabatana
pamwe chete sevane inzwi rimwe chete, vachirumbidza uye vachivonga
Jehovha. Zvichibatana nehwamanda makandira nezvimwe zviridzwa
vakasimudzira manzwi avo vachirumbidza Jehovha vakaimba vachiti:
"Iye akanaka;
rudo rwake runogara nokusingaperi."

Ipapo temberi yaJehovha yakafukidzwa negore, 14 uye vaprista
vakatadza kuita basa ravo nokuda kwegore iroro, nokuti kubwinya
kwaJehovha kwakanga kwazadza temberi yaMwari.

# 6

1 Ipapo Soromoni akati, "Jehovha akati achagara mugore dema.
2 Ndakuvakirai temberi yakanaka kwazvo, nzvimbo yokuti mugare
nokusingaperi."

3 Ungano yose yaIsraeri ichakamirapo, mambo akatendeukira kwavari
akavaropafadza. 4 Ipapo akati:

"Ngaarumbidzwe Jehovha, Mwari waIsraeri iye azadzisa namaoko
ake zvaakavimbisa nomuromo wake kuna baba vangu Dhavhidhi.
Nokuti akati, 5 'Kubva pazuva randakaburitsa vanhu vangu muIjipiti,
handina kumbosarudza guta murudzi rupi norupi rwaIsraeri kuti
Zita rangu rivakirwe temberi kuti rivepo, uye handina kumbosarudza
mumwe munhu kuti ave mutungamiri wavanhu vangu vaIsraeri. 6 Asi
zvino ndasarudza Jerusarema nokuda kweZita rangu kuti rivepo uye
ndasarudza Dhavhidhi kuti atonge vanhu vangu vaIsraeri.'

7 "Baba vangu Dhavhidhi vaiva nazvo mumwoyo mavo kuti vavakire
Zita raJehovha Mwari waIsraeri temberi. 8 Asi Jehovha akati kuna
baba vangu Dhavhidhi, 'nokuti zvaiva mumwoyo mako kuti uvakire Zita
rangu temberi wakaita zvakanaka ukava nazvo mumwoyo mako. 9 Asi
kunyange zvakadaro, hausi iwe uchavaka temberi asi mwanakomana
wako, anova nyama yako neropa rako, ndiye achavakira Zita rangu
temberi.'

10 "Jehovha akachengeta chivimbiso chavakaita. Ini ndakatevera
Dhavhidhi baba vangu uye zvino ndava kugara pachigaro choushe
chaIsraeri sokuvimbisa kwakaita Jehovha, uye ndakavakira zita raJe-
hovha Mwari waIsraeri temberi. 11 Imomo ndakaisa areka ine sungano
yaJehovha yaakaita navanhu veIsraeri."

### *Munamato waSoromoni woKukumikidza*

[12] Ipapo Soromoni akamira pamberi pearitari yaJehovha pamberi
peungano yose yaIsraeri akatambanudza maoko ake. [13] Zvino akanga
agadzira pokumira pakakwirira nendarira, pakanga pakareba makub-
hiti mashanu*, pane upamhi hwamakubhiti mashanu uye pakakwirira
makubhiti matatu†, uye akanga apaisa pakati pechivanze chokunze.
Akamira pokumira paya akapfugama pamberi peungano yose yaIsraeri
akatambanudzira maoko ake kudenga. [14] Akati:
"Haiwa Jehovha, Mwari waIsraeri, hakuna mumwe Mwari akaita
semi kudenga kana panyika. Imi munochengeta sungano yorudo
navaranda venyu vanoramba vachifamba munzira yenyu nomwoyo
wose. [15] Makachengeta chivimbiso chenyu kumuranda wenyu
Dhavhidhi baba vangu; nomuromo wenyu makavimbisa uye noruoko
rwenyu makazadzisa sezvazvakaita nhasi.
[16] "Zvino Jehovha, Mwari waIsraeri, chengeterai muranda wenyu
Dhavhidhi baba vangu zvivimbiso zvamakaita kwaari pamakati,
'Haungatongokundikani kuti uve nomunhu achagara pamberi pangu
pachigaro choushe chaIsraeri, kana chete vanakomana vako vakachen-
jerera mune zvose zvavanoita kuti vafambe pamberi pangu maererano
nomurayiro, sezvawakaita iwe.' [17] Uye zvino, haiwa Jehovha Mwari
waIsraeri, itai kuti shoko renyu ramakavambisa muranda wenyu
Dhavhidhi rizadziswe.
[18] "Asi zvechokwadi, Mwari angagare panyika navanhu here?
Hamungakwani mumatenga kunyange matenga okumusoro-soro, ko,
kuzoti temberi yandavaka! [19] Kunyange zvakadaro teererai mun-
yengetero womuranda wenyu nokukumbira kwake kuti anzwirwe tsitsi,
imi Jehovha Mwari wangu. Inzwai kuchema nomunyengetero uri kun-
yengeterwa nomuranda wenyu pamberi penyu. [20] Meso enyu ngaatarire
kutemberi iyi masikati nousiku, nzvimbo iyi yamakati muchaisa Zita
renyumo. Inzwai munyengetero womuranda wenyu waanonyengetera
akatarisa kunzvimbo ino. [21] Inzwai mikumbiro yomuranda wenyu
neyavanhu venyu Israeri pavanenge vachinyengetera vakatarisa kun-
zvimbo ino. Inzwai kubva kudenga kwamunogara uye kana manzwa
muregerere.
[22] "Kana munhu akatadzira muvakidzani wake uye kana akanzi aite
mhiko uye kana akauya akazopika mhiko pamberi pearitari yenyu
mutemberi ino, [23] ipapo inzwai muri kudenga uye mugoita chimwe
chinhu. Tongai pakati pavaranda venyu, muchimuripisa ane mhosva
nokuburutsa pamusoro wake izvo zvaakaita. Ratidzai pachena uyo
asina mhosva kuti haana zvaakatadza uye musimbise kusatadza kwake.
[24] "Kana vanhu venyu Israeri vakakundwa nomuvengi nokuti
vakakutadzirai uye kana vakatendeuka vakapupura zita renyu,
vachinyengetera uye vachikumbira pamberi penyu mutemberi muno,
[25] ipapo inzwai kubva kudenga uye muregerere chivi chavanhu venyu
Israeri uye mugovadzosera kunyika yamakavapa ivo namadzibaba avo.
[26] "Kana matenga akazarirwa uye kukasanaya mvura nokuti vanhu
venyu vakutadzirai uye kana vakanyengetera vakatarira kunzvimbo
ino vakapupura zita renyu uye vakatendeuka kubva muchivi chavo
nokuti imi mavarwadzisa, [27] ipapo inzwai kubva kudenga muregerere
chivi chavaranda venyu, vanhu venyu Israeri. Vadzidzisei nzira kwayo

* **6:13** 6:13 mamita angaita 2.3 † **6:13** 6:13 mamita angaita 1.4

yokururama, uye tumirai mvura inaye panyika yamakapa vanhu venyu
senhaka.
28 "Kana nzara kana denda zvikauya panyika, kana nyunje, kana ku-
vhuvha kana mhashu kana magutaguta kana kuti vavengi vakavakomba
mumaguta avo, ringava dambudziko ripi zvaro kana chirwere cho-
rudzi rupi chingauya, 29 uye kana munyengetero kana chikumbiro
chikaitwa noupi zvake wavanhu venyu Israeri, mumwe nomumwe
achinyatsonzwisisa matambudziko namarwadzo ake, uye kana akatam-
banudzira maoko ake kunzvimbo ino, 30 ipapo inzwai kubva kudenga
kwamunogara. Regererai uye muitire mumwe nomumwe sezvaanoita,
sezvo muchiziva mwoyo wake (nokuti imi moga ndimi munoziva mwoyo
yavanhu), 31 kuitira kuti vagokutyai uye vagofamba munzira dzenyu
panguva dzose dzavachararama munyika yamakapa kumadzibaba edu.
32 "Kana ari mutorwa asati ari mumwe wavanhu venyu Israeri
asi akabva kunyika iri kure nokuda kwezita renyu guru noruoko
rwenyu rune simba noruoko rwenyu rwakatambanudzwa kana akauya
akanyengetera akatarisa kutemberi ino, 33 ipapo inzwai kubva kudenga,
kwamunogara uye muitire mutorwa chipi nechipi chaanokumbira
kwamuri kuitira kuti vanhu vose vapanyika vazive zita renyu uye
vakutyei sezvinoitwa navanhu venyu Israeri, uye kuti vagoziva kuti
imba ino yandavaka ine Zita renyu.
34 "Kana vanhu venyu vakaenda kundorwisana navavengi vavo,
kwose kwose kwamunenge mavatuma, uye kana vakanyengetera
kwamuri vakatarira kuguta rino ramakasarudza nokutemberi yan-
davakira Zita renyu, 35 ipapo inzwai ikoko kudenga munamato wavo
nechikumbiro chavo, mutsigire mhaka yavo.
36 "Kana vakakutadzirai, nokuti hapana munhu asingatadzi, uye
kana mukavatsamwira mukavapa kumuvengi, anovatapa achivaendesa
kunyika iri kure kana pedyo; 37 uye kana vakashandura mwoyo
vari kunyika yavanenge vari nhapwa, vakatendeuka vakakumbira
kwamuri vari munyika youtapwa vakati, 'Takatadza, takakanganisa
uye takaita zvakaipa,' 38 uye kana vakadzokerazve kwamuri nom-
woyo wavo wose, nomweya wose munyika youtapwa kwavakaen-
deswa, uye vakanyengetera vakatarisa kunyika yamakapa madzibaba
avo, vakatarisa kuguta ramakasarudza uye vakatarisa kutemberi yan-
dakavakira Zita renyu; 39 ipapo kubva kudenga, kwamunogara, inzwai
munyengetero wavo nemikumbiro yavo uye muvatsigire muvakundise
pamhaka yavo. Uye muregerere vanhu venyu vanenge vakutadzirai.
40 "Zvino Mwari wangu, dai meso enyu aona uye nzeve dzenyu
dzateerera minyengetero ichanyengeterwa panzvimbo iyi.
41 "Zvino simukai imi Jehovha Mwari, muuye panzvimbo yenyu yoku-
zorora,
imi neareka yesimba renyu.
Dai vaprista venyu imi Jehovha Mwari vashongedzwa noruponeso.
Vatsvene venyu ngavafare mukunaka kwenyu.
42 Haiwa Jehovha Mwari, musaramba muzodziwa wenyu.
Rangarirai rudo rukuru rwakavimbiswa kuna Dhavhidhi muranda
wenyu."

# 7

*Kukumikidzwa kweTemberi*

1 Soromoni paakapedza kunyengetera, moto wakaburuka kubva ku-
denga ukapisa chipiriso chinopiswa nezvibayiro uye kubwinya kwa-
Jehovha kwakazadza temberi. 2 Vaprista vakatadza kupinda mutem-
beri yaJehovha nokuti kubwinya kwaJehovha kwakanga kwakaizadza.
3 VaIsraeri vose pavakaona moto uchiburuka uye kubwinya kwaJe-
hovha kuri pamusoro petemberi, vakapfugama pachivara zviso zvavo
zvakatarisa pasi, uye vakanamata vakavonga Jehovha vachiti:

“Iye akanaka;
    rudo rwake runogara nokusingaperi.”

4 Ipapo mambo navanhu vose vakapa zvibayiro pamberi paJehovha.
5 Uye Mambo Soromoni akapa chibayiro chemombe zviuru makumi
maviri nezviviri namakwai nembudzi zviuru zana namakumi maviri.
Saka mambo navanhu vose vakakumikidza temberi yaMwari. 6 Vaprista
vakaenda panzvimbo dzavo sezvakaitwawo navaRevhi vane zviridzwa
zvaJehovha zvakanga zvagadzirwa naMambo Dhavhidhi kuti zvishan-
diswe pakurumbidza Jehovha uye ndizvo zvakashandiswa pavakavonga
vachiti, “Rudo rwake runogara nokusingaperi.” Kune rumwe rutivi
rwakatarisana navaRevhi, vaprista vakaridza hwamanda dzavo uye
vaIsraeri vose vakanga vakamira.

7 Soromoni akatsaura nzvimbo yapakati pechivanze chapamberi petem-
beri yaJehovha uye ipapo akapa zvipiriso zvinopiswa namafuta ezvipiriso
zvokuwadzana, nokuti aritari yendarira yaakanga agadzira yaisakwana
zvipiriso zvinopiswa, nezvipiriso zvoupfu namafuta.

8 Saka Soromoni akatamba mutambo panguva iyoyo kwamazuva
manomwe, uye Israeri yose yakanga inaye, ungano huru kwazvo, vanhu
vaibva kuRebho Hamati kusvika kuRwizi rweIjipiti. 9 Pazuva rorusere
vakaungana pamwe chete nokuti vakanga vapemberera kutsaurwa
kwearitari kwamazuva manomwe uye mutambo uyu kwamamwezve
mazuva manomwe. 10 Pazuva ramakumi maviri namatatu romwedzi
wechinomwe akaendesa vanhu kudzimba dzavo, vachifara uye mwoyo
yavo ichifara nokuda kwezvinhu zvakanaka zvakanga zvaitwa naJehovha
kuna Dhavhidhi naSoromoni nokuvanhu vake Israeri.

### *Jehovha anozviratidza kuna Soromoni*

11 Soromoni paakapedza temberi yaJehovha nomuzinda wake, uye
abudirira mukuita zvose zvaaiva nazvo mupfungwa dzake kuita mutem-
beri yaJehovha nomumuzinda wake, 12 Jehovha akazviratidza kwaari
usiku akati:

“Ndanzwa munyengetero wako uye ndazvisarudzira nzvimbo ino
setemberi yezvibayiro.

13 “Kana ndikapfiga matenga kukasava nemvura inonaya, kana
kuti ndikarayira mhashu kuti dziparadze nyika kana kuti ndikatuma
denda pakati pavanhu vangu, 14 kana vanhu vangu vanodaidzwa
nezita rangu, vakazvininipisa, vakanyengetera vakatsvaga chiso changu,
vakatendeuka kubva panzira dzavo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa
kubva kudenga uye ndicharegerera chivi chavo uye ndichaporesa nyika
yavo. 15 Zvino meso angu achaona uye nzeve dzangu dzichanzwa
minyengetero ichapirwa munzvimbo ino. 16 Ndasarudza ndikatsaura
temberi ino kuti Zita rangu rivepo nokusingaperi. Meso angu nomwoyo
wangu zvicharamba zviripo.

17 “Kana uriwe, kana ukafamba pamberi pangu sezvakaitwa
naDhavhidhi baba vako, uye ukaita zvose zvandichakurayira uye

ukachengeta mitemo yangu nemirayiro yangu, [18] ndichasimbisa chigaro
chako choushe, sezvandakavimbisa Dhavhidhi baba vako pandakati,
'Hauchazongokundikani kuva nomunhu achatonga Israeri.'
[19] "Asi kana mukatsauka mukasiya mitemo nezvandakakurayirai,
mukaenda kundoshumira vamwe vaMwari mukavanamata, [20] ipapo
ndichadzura Israeri kubva kunyika yangu, yandakavapa, uye ndicha-
rasira kure temberi iyi yandakazvitsaurira Zita rangu. Ndichaiita
tsumo nechiseko pakati pamarudzi ose. [21] Uye kunyange temberi
ino ichishamisa zvakadai, vose vachapfuura napairi vachakanuka
vagoti, 'Seiko Jehovha akaita chinhu chakadai kunyika ino nokutemberi
iyi?' [22] Vanhu vachapindura vachiti, 'Nokuti vakasiya Jehovha Mwari
wamadzibaba avo, akavabudisa kubva muIjipiti uye vakanamatira
kuna vamwe vamwari uye vachivanamata nokuvashumira, ndokusaka
akauyisa njodzi iyi pavari.' "

# 8

*Zvimwe zvakaitwa naSoromoni*

[1] Kwapera makore makumi maviri, munguva iyo Soromoni akavaka
temberi yaJehovha nomuzinda wake, [2] Soromoni akavaka patsva misha
yaakanga apiwa naHiramu, akagarisa vaIsraeri mairi. [3] Ipapo Soromoni
akaenda kuHamati Zobha, akandorikunda. [4] Akavaka Tadhimori murenje
namaguta ose okuchengetera zvinhu aakavaka muHamati. [5] Akavaka
patsva Bheti Horoni Yokumusoro neBheti Horoni Yezasi samaguta
akakomberedzwa namasvingo namasuo namazariro, [6] pamwe chete
neBhaarati namaguta ake okuchengetera ose namaguta ose engoro dzake
namabhiza ake, zvose zvaakada kuvaka muJerusarema muRebhanoni
nomunyika yose yaaitonga.

[7] Vanhu vose vakasara kubva kuvaHiti, vaAmori, vaPerizi, vaHivhi nava-
Jebhusi (vanhu ava vakanga vasiri vaIsraeri) [8] zvichireva kuti vana vavo
vakasara munyika, avo vasina kuparadzwa navaIsraeri, ava Soromoni
akavatora kuti vave vashandi vake vechibharo sezvazviri nanhasi. [9] Asi
Soromoni haana kuita vaIsraeri nhapwa kuti vamuitire basa rake; vaiva
varwi vake, vatungamiri vavakuru vamapoka, uye vatungamiri vengoro
navachairi vengoro. [10] Vaivazve vakuru vavabati vamambo Soromoni,
vakuru mazana maviri namakumi mashanu vaitungamirira vanhu.

[11] Soromoni akauyisa mwanasikana waFaro kubva kuGuta raDhavhidhi
akamuisa mumuzinda waakanga amuvakira nokuti akati, "Mudzimai
wangu haafaniri kugara mumuzinda waDhavhidhi mambo waIsraeri
nokuti nzvimbo dzose dzakambopinzwa areka yaJehovha itsvene."

[12] Paaritari yaJehovha yaakanga avaka pamberi pebiravira, Soromoni
akapisira zvipiriso zvinopiswa kuna Jehovha, [13] maererano nez-
vaidikanwa zuva nezuva pazvipiriso sokurayirwa kwazvakanga zvaitwa
naMozisi pamaSabata, Kugara kwoMwedzi weChingwa Chisina Mbiriso,
Mutambo waMavhiki noMutambo waMatumba. [14] Maererano nomutemo
wababa wake Dhavhidhi, akapa mapoka avaprista mabasa avo uye
vaRevhi kuti vatungamirire kurumbidza uye kuti vabatsire vaprista sez-
vaidikanwa zuva nezuva. Akapazve mabasa akasiyana-siyana, nokuti izvi
ndizvo zvakanga zvarayirwa naDhavhidhi munhu waMwari. [15] Havana
kutsauka kubva pakurayira kwamambo kuvaprista kana kuvaRevhi mun-
yaya ipi neipi kusanganisira yenzvimbo dzokuchengetera upfumi.

16 Basa rose raSoromoni rakaitwa kubva pazuva rokuvakwa kwenheyo
dzetemberi yaJehovha kusvikira pakupedziswa kwayo. Saka temberi
yaJehovha yakapera kuvakwa.
17 Ipapo Soromoni akaenda kuEzioni Gebheri neErati pama-
hombekombe egungwa munyika yeEdhomu. 18 Uye Hiramu akatumira
zvikepe zvake zvakatungamirirwa namachinda ake varume vaiziva
gungwa. Ava navanhu vaSoromoni, vakaenda nezvikepe kuOfiri uye
vakandouya namatarenda mazana mana namakumi mashanu* egoridhe,
vakaapa kuna Mambo Soromoni.

# 9

*Mambokadzi weShebha anoshanyira Soromoni*

1 Mambokadzi weShebha paakanzwa mbiri yaSoromoni, akauya ku-
Jerusarema kuti amuedze nemibvunzo yakaoma kwazvo. Akasvika
navanhu vazhinji kwazvo nengamera akatakura zvinonhuhwira, goridhe
rakawanda, namatombo anokosha, akauya kuna Soromoni akataura naye
zvose zvaiva mupfungwa dzake. 2 Soromoni akamupindura mibvunzo
yake yose, hapana chakanga chakanyanya kumuomera kuti amutsanan-
gurire. 3 Mambokadzi weShebha paakaona uchenjeri hwaSoromoni,
nomuzinda waakanga avaka, 4 zvokudya zvaiva patafura yake, mag-
ariro amakurukota ake, varanda vake vari muzvipfeko zvavo, vadiri
vezvokunwa vari muzvipfeko zvavo nezvipiriso zvinopiswa zvaaiita
patemberi yaJehovha akapererwa.
5 Akati kuna Mambo, "Zvandakanzwa munyika yangu pamusoro pez-
vamakaita nouchenjeri hwenyu ndezvechokwadi. 6 Asi handina kutenda
zvaitaurwa kusvikira ndauya kuzozvionera nameso angu. Chokwadi,
handina kutongonzwa kunyange hafu yokukura kwouchenjeri hwenyu,
mapfuura nokure zvandakanzwa. 7 Mufaro wakawanda sei unofanira
kungova una vanhu venyu! Anofara sei machinda enyu anoramba amire
pamberi penyu achinzwa uchenjeri hwenyu. 8 Ngaarumbidzwe Jehovha
Mwari wenyu akafadzwa nemi akakuisai pachigaro chake samambo kuti
mutongere Jehovha Mwari wenyu. Nokuda kwerudo rwaMwari wenyu
kuIsraeri nokudokwairira kwake kuvasimudzira nokusingaperi, akakuitai
mambo pamusoro pavo kuti muchengetedze kururamisira nokururama."
9 Ipapo akapa mambo matarenda zana namakumi maviri* egoridhe, zvi-
nonhuhwira zvakawanda kwazvo namatombo anokosha. Hakuna kunge
kwambova nezvinonhuhwira zvakaita sezvakapiwa mambo Soromoni
namambokadzi weShebha.
10 (Vanhu vaHiramu navanhu vaSoromoni vakauya negoridhe kubva
kuOfiri; vakauyazve namatanda emiarigumi namatombo anokosha.
11 Mambo akashandisa matanda emiarigumi kugadzira zvikwiriso
zvetemberi yaJehovha nezvemuzinda wamambo, uye kugadzirisa mbira
nemitengeranwa yavaimbi. Hapana zvakaita sezvizvi zvakanga
zvatomboonekwa muJudha).
12 Mambo Soromoni akapa mambokadzi weShebha zvose zvaaida
nezvaakakumbira; akamupa zvakawanda kupfuura zvaakauya nazvo
kwaari. Ipapo akabva adzokera navaranda vake kunyika yake.

*Upfumi hwaSoromoni*

* **8:18** 8:18 matani 16 * **9:9** 9:9 matani angaita 4

[13] Uremu hwegoridhe raipiwa Soromoni hwaisvika matarenda mazana
matanhatu namakumi matanhatu ane matanhatu† pagore roga roga,
[14] tisingaverengi mitero yaiuyiswa navatengesi navashambadziri. Uye
madzimambo ose eArabhia navabati venyika vaiuyisa goridhe nesirivha
kuna Soromoni.
[15] Mambo Soromoni akagadzira mazana maviri enhoo huru dzegoridhe
rakapambadzirwa mazana matanhatu amashekeri‡ egoridhe akapam-
badzirwa aipinda munhoo imwe neimwe. [16] Akagadzirazve nhoo diki
dzaisvika mazana matatu negoridhe rakapambadzirwa, namashekeri
mazana matatu§ egoridhe munhoo imwe neimwe. Mambo akaaisa
muMuzinda weSango reRebhanoni.
[17] Ipapo mambo akagadzira chigaro chikuru choushe nenyanga dzenzou
uye akachifukidza negoridhe rakaisvonaka. [18] Chigaro ichi chakanga
chine zvikwiriso zvitanhatu nechitsiko chetsoka chegoridhe chakanga
chakabatana nechigaro ichi. Kumativi ose echigaro kwaiva nezvitsigiro
zvamaoko, neshumba yakamira parutivi pechimwe nechimwe chazvo.
[19] Shumba gumi nembiri dzakanga dzakamira pazvikwiriso zvitanhatu,
imwe chete kumucheto kwechikwiriso chimwe nechimwe. Hakuna
zvakaita seizvi zvakanga zvambogadzirirwa humwe umambo. [20] Mikombe
yose yokunwa nayo yaMambo Soromoni yaiva yegoridhe, uye zvose
zvomumba zvaiva muMuzinda weSango reRebhanoni zvaiva zvegoridhe
rakaisvonaka. Hapana chakanga chakagadzirwa nesirivha, nokuti pa-
mazuva aSoromoni sirivha yaionekwa seisina basa. [21] Mambo aiva
nezvikepe zvokushambadzira zvaienda kunzvimbo dzakasiyana-siyana
zvaifambiswa navanhu vaHiramu. Kamwe chete mumakore matatu
zvaidzoka zviine goridhe, sirivha, nyanga dzenzou netsoko namakudo.
[22] Mambo Soromoni akanga ari mukuru kwazvo muupfumi nouchenjeri
kupfuura madzimambo ose enyika. [23] Madzimambo ose aitsvaga kutaura
naSoromoni kuti vanzwe uchenjeri hwakanga hwaiswa naMwari mum-
woyo make. [24] Gore negore vose vaiuya nezvipo midziyo yesirivha nezve-
goridhe, nenguo, zvombo zvokurwa nazvo nezvinonhuhwira, namabhiza
nembongoro.
[25] Soromoni akanga ane zvidyiro zvamabhiza nengoro, zviuru zvina,
namabhiza zviuru gumi nezviviri zvaaichengetera mumaguta engoro
nemuJerusarema maaiva. [26] Aitonga madzimambo ose kubva kuRwizi
kusvika kunyika yavaFiristia kusvikira kumuganhu neIjipiti. [27] Mambo
akaita kuti sirivha iwanikwe pose pose samatombo muJerusarema
uye kuti misidhari iwande semionde yemisikamo mujinga mamakomo.
[28] Mabhiza aSoromoni akanga atengwa kubva kuIjipiti nokubva kune
dzimwe nyika.

### *Kufa kwaSoromoni*

[29] Mamwe mabasa okutonga kwaSoromoni kubva kwokutanga kusvika
kwokupedzisira, haana kunyorwa here mubhuku renhoroondo yomuprof-
ita Natani, mashoko akaprofitwa naAhija muShironi nomuzviratidzo
zvaIdho muoni pamusoro paJerobhoamu mwanakomana waNebhati?
[30] Soromoni akatonga muJerusarema pamusoro peIsraeri yose kwamakore
makumi mana. [31] Ipapo akazorora namadzibaba ake uye akavigwa
muguta raDhavhidhi baba vake. Uye Rehobhoamu mwanakomana wake
akamutevera paumambo.

---

† **9:13** 9:13 matani angaita 23 ‡ **9:15** 9:15 makirogiramu angaita 3.5 § **9:16** 9:16 makirogiramu angaita 1.7

# 10

*Israeri inopandukira Rehobhoamu*

1 Rehobhoamu akaenda kuShekemu, nokuti vaIsraeri vose vakanga
vaenda ikoko kundomuita mambo. 2 Jerobhoamu mwanakomana waNeb-
hati paakanzwa izvi (aiva kuIjipiti, kwaakanga aenda achitiza Mambo
Soromoni), akadzoka kubva kuIjipiti. 3 Saka vakandodana Jerobhoamu,
uye iye neIsraeri yose vakaenda kuna Rehobhoamu vakati kwaari,
4 "Baba vako vakatitakudza joko rinorema kwazvo, asi zvino chitapudzai
kushanda kwakaomarara nejoko rinorema ravakaisa patiri, uye isu
tichakushandirai."

5 Rehobhoamu akapindura akati, "Dzokai kwandiri mumazuva matatu."
Saka vanhu vakaenda havo.

6 Ipapo Mambo Rehobhoamu akandobvunza vakuru vaisishandira baba
vake Soromoni panguva yavakanga vari vapenyu. Akavabvunza achiti,
"Ko, izano ripi ramungandipa kuti ndipindure vanhu ava?"

7 Vakamupindura vakati, "Kana mukaitira vanhu ava tsitsi mukavafadza
mukavapa mhinduro yakanaka vacharamba vari varanda venyu."

8 Asi Rehobhoamu akaramba zano iri raakapiwa navakuru akandob-
vunza majaya aakanga akura nawo uye vaimushandira. 9 Akavabvunza
akati, "Mungandipa zano ripi? Tingapindura sei vanhu ava vanoti
kwandiri, 'Tirerutsirei joko ratakatakudzwa nababa venyu?' "

10 Majaya aakanga akura nawo akapindura akati, "Taurirai vanhu vakati
kwamuri, 'Baba venyu vakatitakudza joko rinorema asi itai kuti joko
redu rireruke,' kuti, 'Munwe wangu mudiki mukobvu kupfuura chiuno
chababa vangu. 11 Baba vangu vakaisa joko rinorema pamusoro penyu;
ini ndichariita kuti rinyanye kurema. Baba vangu vaikurovai neshamhu;
ini ndichakurovai nezvinyavada.' "

12 Mushure mamazuva matatu Jerobhoamu navanhu vose vakadzok-
era kuna Rehobhoamu sezvakanga zvataurwa namambo kuti, "Dzokai
kwandiri mumazuva matatu." 13 Mambo akapindura nehasha. Achiramba
zano raakanga apiwa navakuru, 14 akateerera zano ramajaya akati, "Baba
vangu vakakurovai neshamhu ini ndichakurovai nezvinyavada." 15 Saka
mambo haana kuteerera kuvanhu, nokuti kuitika kwezvinhu uku kwaibva
kuna Mwari, kuti shoko rakanga rataurwa naJehovha kuna Jerobhoamu
mwanakomana waNebhati nomuromo waAhija muShironi rizadziswe.

16 VaIsraeri vose pavakaona kuti mambo aramba kuvateerera, vakapin-
dura mambo vachiti,

"Ko, tine mugove upi muna Dhavhidhi,
chikamu chipiko mumwanakomana waJese?
Kumatende enyu, imi Israeri!
Zvichengetere imba yako, iwe Dhavhidhi!"

Saka vaIsraeri vose vakaenda kumisha yavo. 17 Asi vaIsraeri vaigara
mumaguta eJudha, Rehobhoamu akaramba achivatonga.

18 Mambo Rehobhoamu akatuma Adhoniramu, aiva mukuru
wavashandi vechibharo, asi vaIsraeri vakamutema namabwe kusvikira
afa. Mambo Rehobhoamu akakwanisa kupinda mungoro yake akatizira
kuJerusarema. 19 Saka Israeri yakapandukira imba yaDhavhidhi kusvikira
nhasi.

# 11

1 Rehobhoamu paakasvika muJerusarema, akakurudzira imba yaJudha
naBhenjamini, varume zviuru zana namakumi masere zvavarwi, kuti
varwisane neIsraeri vatorezve umambo hwaRehobhoamu.
2 Asi shoko iri raJehovha rakasvika kuna Shemaya munhu waMwari ri-
chiti, 3 "Udza Rehobhoamu mwanakomana waSoromoni mambo weJudha
navaIsraeri vose vari muJudha neBhenjamini, uti, 4 'Zvanzi naJehovha:
Musaenda kunorwisana nehama dzenyu; endai kumba, mumwe no-
mumwe wenyu, nokuti uku kuita kwangu.' " Saka vakateerera mashoko
aJehovha vakadzoka kubva mukuda kundorwisana naJerobhoamu.

### *Rehobhoamu anovaka Nhare dzeJudha*

5 Rehobhoamu akagara muJerusarema akavaka maguta okuzvidzivirira
muJudha aiti: 6 Bheterehema, Etami, Tekoa, 7 Bheti Zuri, Soko, Adhuramu,
8 Gati, Maresha, Zifi, 9 Adhoraimi, Rakishi, Azeka, 10 Zora, Aijaroni
neHebhuroni. Aya ndiwo aiva maguta enhare muJudha neBhenjamini.
11 Akasimbisa nhare dzawo akaisa vakuru vehondo maari, nezvokudya
zvizhinji, mafuta omuorivhi newaini. 12 Akaisa nhoo namapfumo mu-
maguta ose, akaaita kuti ave akasimba kwazvo. Saka Judha neBhenjamini
vaiva vake.
13 Vaprista navaRevhi kubva kumatunhu ose muIsraeri yose vaiva
kurutivi rwake. 14 Vaprista navaRevhi vakatosiya mafuro ezvipfuwo zvavo
nemidziyo yavo vakauya kuJudha neJerusarema nokuti Jerobhoamu
navanakomana vake vakanga vavaramba savaprista vaJehovha. 15 Uye
iye akagadza vaprista vake pachake akavaisa panzvimbo dzakakwirira
uye nezvifananidzo zvembudzi nezvemhuru zvaakanga agadzira. 16 Vose
vaibva kumarudzi ose aIsraeri vakaisa mwoyo yavo pakutsvaga Je-
hovha, Mwari waIsraeri, vakatevera vaRevhi kuJerusarema kuti vandopa
zvibayiro kuna Jehovha Mwari wamadzibaba avo. 17 Vakasimbisa
umambo hwaJudha vakatsigira Rehobhoamu mwanakomana waSoromoni
kwamakore matatu, vachifamba munzira dzaDhavhidhi naSoromoni
panguva iyoyi.

### *Mhuri yaRehobhoamu*

18 Rehobhoamu akawana Maharati aiva mwanasikana womwanako-
mana waDhavhidhi ainzi Jerimoti uye waAbhihairi mwanasikana
womwanakomana waJese ainzi Eriabhi. 19 Akamuberekera vanakomana
vaiti, Jeushi, Shemaria naZahamu. 20 Ipapo akawana Maaka mwanasikana
waAbhusaromu akamuberekera Abhija, Atai, Ziza naSheromiti.
21 Rehobhoamu aida Maaka mwanasikana waAbhusaromu kupfuura
vamwe vakadzi vake navarongo vake vose. Pamwe chete aiva navakadzi
gumi navasere, navarongo makumi matanhatu, vanakomana makumi
maviri navasere, navanasikana makumi matanhatu.
22 Rehobhoamu akagadza Abhija mwanakomana waMaaka kuti ave
muchinda mukuru pakati pavana vababa vake kuitira kuti azova mambo.
23 Akaita zvakachenjera akaparadzira vamwe vavanakomana vake mu-
matunhu ose eJudha neBhenjamini nokumaguta ose enhare. Akavapa
zvinhu zvizhinji akavawanira vakadzi vakawanda.

# 12

### *Shishaki anorwisa Jerusarema*

1 Mushure mokunge chinzvimbo chaRehobhoamu samambo chasim-
biswa, uye paakanga asimba, iye neIsraeri yose pamwe chete vakasiya
murayiro waJehovha. 2 Nokuti vakanga vasina kutendeka kuna Jehovha,
Shishaki mambo weIjipiti akarwisa Jerusarema mugore rechishanu ra-
mambo Rehobhoamu. 3 Nengoro chiuru namazana maviri navatasvi vam-
abhiza zviuru makumi matanhatu navarwi vokuRibhiya, Suki neEtiopia
vakanga vasingaverengeki vaakauya navo kubva kuIjipiti, 4 akakunda
maguta enhare eJudha kusvika kuJerusarema.
5 Ipapo muprofita Shemaya akauya kuna Rehobhoamu nokuvatungamiri
veJudha vakanga vaungana muJerusarema vachitya Shishaki, akati
kwavari, "Zvanzi naJehovha: 'Makandirasa; naizvozvo zvino ndava
kukurasirai kuna Shishaki.' "
6 Vatungamiri veIsraeri namambo vakazvininipisa vakati, "Jehovha
akarurama."
7 Jehovha paakaona kuti vazvininipisa, shoko iri raJehovha rakauya
kuna Shemaya richiti, "Nokuda kwokuti vazvininipisa, handichavaparadzi
asi munguva pfupi ndichavadzikinura. Kutsamwa kwangu hakuchadu-
rurirwa paJerusarema kubudikidza naShishaki. 8 Zvisinei hazvo, vachava
pasi pake kuti vadzidze mutsauko uri pakati pokundishumira nokushu-
mira madzimambo edzimwe nyika."
9 Shishaki mambo weIjipiti paakarwisa Jerusarema akatakura pfuma
yomutemberi yaJehovha nepfuma yomumuzinda wamambo. Akatora
zvose kusanganisira nhoo dzegoridhe dzakanga dzagadzirwa naSoromoni.
10 Saka Mambo Rehobhoamu akagadzira nhoo dzendarira kutsiva idzo
dzakanga dzatorwa akadzipa vakuru vavarindi vaiva pabasa pamukova
wokupinda mumuzinda woumambo. 11 Pose paienda mambo kutemberi
yaJehovha, varindi vaienda naye, vakabata nhoo idzi uye vapedza
vaizodzidzorera kuimba yavarindi.
12 Nokuti Rehobhoamu akazvininipisa kutsamwa kwaJehovha kwak-
abva kwaari, uye haana kuparadzwa zvachose. Zvirokwazvo makava
nezvimwe zvakanaka muJudha.
13 Mambo Rehobhoamu akazvisimbisa kwazvo muJerusarema
akaramba ari mambo. Akanga ane makore makumi mana nerimwe
chete paakava mambo uye akatonga kwamakore gumi namanomwe
muJerusarema, guta raJehovha raakanga azvisarudzira pamarudzi ose
eIsraeri kuti aise Zita rake. Zita ramai vake rainzi Naama; vaiva muAmoni.
14 Akaita zvakaipa nokuti akanga asina kuisa mwoyo wake pakutsvaga
Jehovha.
15 Mabasa okutonga kwaRehobhoamu kubva kutanga kwake kusvikira
kwokupedzisira, haana kunyorwa here mubhuku renhoroondo raShe-
maya muprofita neraIdho muoni? Paiva nokurwisana nguva dzose pakati
paRehobhoamu naJerobhoamu. 16 Rehobhoamu akazorora namadzibaba
ake akavigwa muguta raDhavhidhi. Uye Abhija mwanakomana wake
akamutevera paumambo.

## 13

*Abhija Mambo weJudha*

1 Mugore regumi namasere rokutonga kwaJerobhoamu, Abhija akava
mambo weJudha. 2 Uye akatonga muJerusarema kwamakore matatu. Zita
ramai vake rainzi Maaka, mwanasikana waUrieri weGibhea.
Pakava nokurwisana pakati paAbhija naJerobhoamu. 3 Abhija akaenda
kundorwa nehondo yaiva navarume zviuru mazana mana vaigona kurwa,

uye Jerobhoamu akamurwisa navarwi zviuru mazana masere vaigona
kurwa.

4 Abhija akamira paGomo reZemaraimi munyika yezvikomo yeEfuremu
akati, “Iwe Jerobhoamu neIsraeri yose teererai kwandiri! 5 Hamuzivi here
kuti Jehovha Mwari waIsraeri, akapa umambo hwaIsraeri kuna Dhavhidhi
navana vake nokusingaperi nesungano yemunyu?” 6 Asi Jerobhoamu
mwanakomana waNebhati, mumwe wavakuru vaSoromoni, mwanako-
mana waDhavhidhi akapandukira mambo wake. 7 Vamwe vakapikisana
naRehobhoamu mwanakomana waSoromoni paakanga achiri mudiki
asati ava kugona kuzvisarudzira zvaaida uye asati asimba kuti angar-
wisana navo.

8 “Uye zvino mava kurangana kurwisana noumambo hwaJehovha,
huri mumaoko ezvizvarwa zvaDhavhidhi. Zvirokwazvo muri hondo
huru; uye mune zvimhuru zvegoridhe zvakagadzirwa naJerobhoamu
kuti zvive vamwari venyu. 9 Asi hamuna kudzinga here vaprista
vaJehovha, vanakomana vaAroni navaRevhi mukagadza vaprista venyu
moga sezvinoitwa navamwe vanhu vedzimwe nyika? Ani naani anenge
auya kuzozvitsaura nehando diki namakondobwe manomwe anogona
kuva muprista wezvisiri zvamwari.

10 “Asi kana tiri isu, Jehovha ndiye Mwari wedu, uye hatina kumurasa.
Vaprista vanoshumira Jehovha vana vaAroni, uye vaRevhi vanovabat-
sira. 11 Mangwanani namanheru oga oga vanopisa zvipiriso zvinopiswa
nezvinonhuhwira kuna Jehovha. Vanoisa chingwa patafura yakanatswa
uye vanobatidza mwenje iri pazvigadziko zvegoridhe manheru oga oga.
Tiri kutevera zvinodikanwa naJehovha Mwari wedu asi imi makamurasa.
12 Mwari anesu; ndiye mutungamiri wedu. Vaprista vake nehwamanda
dzavo vachakuridzirai mhere yehondo. Varume veIsraeri, musarwisana
naJehovha, Mwari wamadzibaba enyu, nokuti hamuzokundi.”

13 Zvino Jerobhoamu akanga atuma mamwe mapoka avarwi nokushure
kwavo kuitira kuti iye paainge ari mberi kwaJudha vamwe vainge vaka-
vandira shure kwavo. 14 VaJudha vakatendeuka vakaona kuti vakanga
vava kurwiswa kwose mberi neshure. Ipapo vakachema kuna Jehovha.
Vaprista vakaridza hwamanda dzavo, 15 varume veJudha vakaita mhere
yehondo. Pakangonzwikwa mhere yehondo, Mwari akaparadza Jerob-
hoamu neIsraeri yose pamberi paAbhija navanhu veJudha. 16 VaIsraeri
vakatiza pamberi paJudha uye Mwari akavaisa mumaoko avo. 17 Abhija
navanhu vake vakaparadza vazhinji vavo kwazvo, zvokuti zviuru mazana
mashanu zvavarume vaigona kurwa pakati paIsraeri vakafa. 18 Varume
veIsraeri vakakundwa panguva iyi, uye varume veJudha vakakunda
nokuti vaivimba naJehovha, Mwari wamadzibaba avo.

19 Abhija akatevera Jerobhoamu akatora kubva kwaari maguta anoti
Bheteri, Jeshana, neEfuroni nemisha yawo yakapoteredza. 20 Jerobhoamu
haana kuzotongazve panguva yaAbhija. Uye Jehovha akamurova akafa.

21 Asi Abhija akakura pasimba. Akawana vakadzi gumi navana uye
akava navanakomana makumi maviri nevaviri uye navanasikana gumi
navatanhatu.

22 Mamwe mabasa okutonga kwaAbhija, zvaakaita nezvaakataura,
zvakanyorwa mumashoko ezvinyorwa zvamuprofita Idho.

# 14

1 Uye Abhija akazorora namadzibaba ake akavigwa muguta raD-
havhidhi. Asa mwanakomana wake akamutevera kuva paumambo, uye
mumazuva ake nyika yakava norugare kwamakore gumi.

*Asa Mambo weJudha*

2 Asa akaita zvakanga zvakanaka uye zvakarurama pamberi paJehovha
Mwari wake. 3 Akabvisa aritari dzavatorwa nenzvimbo dzakakwirira,
akaputsa matombo anoera uye akatema matanda aAshera. 4 Akarayira
Judha kuti itsvage Jehovha, Mwari wamadzibaba avo, uye kuti vateerere
mirayiro yake nemitemo yake. 5 Akabvisa nzvimbo dzakakwirira nearitari
dzezvinonhuhwira mumaguta ose muJudha, uye ushe hwakava norugare
pasi pake. 6 Akavaka maguta ane masvingo eJudha, sezvo nyika yaiva
norugare. Hapana akarwa naye panguva iyoyo nokuti Jehovha vakanga
vamupa zororo.
7 Akati kuJudha, "Ngativakei maguta aya, uye tiise masvingo
okuapoteredza, ane shongwe, masuo namazariro. Nyika ichiri yedu,
nokuti takatsvaga Jehovha Mwari wedu; takamutsvaga uye akatipa zororo
kumativi ose." Saka vakavaka uye vakabudirira.
8 Asa aiva nehondo yaisvika zviuru mazana matatu kubva kuJudha,
vakanga vakapakata nhoo huru namapfumo, uye vamwe zviuru mazana
maviri namakumi masere kubva kuBhenjamini, vakanga vakapakata
nhoo diki neuta. Ava vose vaiva varwi vakashinga.
9 Zera muEtiopia akauya kuzovarwisa nehondo huru kwazvo nengoro
mazana matatu uye akauya akasvika muMaresha. 10 Asa akabuda
akandosangana naye uye vakamira panzvimbo dzavo dzokurwa vari
mumupata weZefata pedyo neMaresha.
11 Ipapo akadana kuna Jehovha Mwari wake akati, "Jehovha, hakuna
mumwe akafanana nemi angabatsira vasina simba pavanorwisana na-
vane simba. Tibatsireiwo, imi Jehovha Mwari, nokuti tinovimba nemi,
uye muzita renyu tauya kuzorwisana nehondo yakakura ikadai. Haiwa
Jehovha, ndimi Mwari wedu; musarega munhu achikukundai."
12 Jehovha akaparadza vaEtiopia pamberi paAsa naJudha vakatiza,
13 uye hondo yaAsa yakavatandanisa kusvika kuGerari. VaEtiopia vazhinji
kwazvo vakafa zvokuti havanazve kuzombodzokera pasimba rakare;
vakabva vaparadzwa pamberi paJehovha navarwi vake. Varume veJudha
vakatakura upfumi huzhinji kwazvo hwavakapamba. 14 Vakaparadza
misha yose yakanga yakapoteredza Gerari, nokuti kutsamwa kwaJehovha
kwakanga kwawira pavari. Vakapamba misha iyi yose, nokuti yaiva
nezvokupamba zvakawanda. 15 Vakarwisazve mapoka avafudzi vakatora
makwai akawanda nembudzi nengamera zhinji. Ipapo vakadzokera
kuJerusarema.

# 15

*Mabasa aAsa*

1 Mweya waMwari wakauya pana Azaria mwanakomana waOdhedhi.
2 Akabuda kundosangana naAsa akati kwaari, "Nditeererei, imi Asa,
Judha yose neBhenjamini yose. Jehovha anemi kana imi munaye.
Kana mukamutsvaka, achawanikwa nemi, asi kana mukamurasa, iye
achakurasai. 3 Kwenguva refu Israeri yakanga isina Mwari wechokwadi,
isina muprista kuti avadzidzise uye vasina murayiro. 4 Asi panguva
yokutambudzika kwavo vakatendeukira kuna Jehovha, Mwari waIsraeri,

vakamutsvaka, uye akawanikwa navo. 5 Pamazuva iwayo zvakanga
zvine njodzi kufamba-famba nokuti vanhu vose venyika dzakawanda
vakanga vachitambudzika kwazvo. 6 Imwe nyika yaiparadzwa neimwe
uye rimwe guta richiparadzwa nerimwe, nokuti Mwari aivatambudza
namatambudziko emhando dzakasiyana-siyana. 7 Asi imi, ivai nesimba
uye musaora mwoyo nokuti mabasa enyu achawana mubayiro."

8 Asa paakanzwa mashoko aya nokuprofita kwaAzaria mwanakomana
waOdhedhi muprofita akasimbiswa kwazvo. Akabvisa zvifananidzo
zvinonyangadza kubva panyika yose yeJudha neBhenjamini nomune
mamwe maguta aakanga apamba muzvikomo zveEfuremu. Akavaka
patsva aritari yaJehovha yaiva pamberi pebiravira retemberi yaJehovha.

9 Ipapo akaunganidza Judha neBhenjamini yose navanhu vaibva kuE-
furemu, Manase neSimeoni vakanga vagere pakati pavo; nokuti vanhu
vazhinji kwazvo vakanga vauya kwaari vachibva kuIsraeri pavakaona
kuti Jehovha Mwari wake aiva naye.

10 Vakaungana paJerusarema mumwedzi wechitatu wegore regumi na-
mashanu rokutonga kwaAsa. 11 Panguva iyoyo vakabayira kuna Jehovha
mombe mazana manomwe, nemakwai nembudzi zviuru zvinomwe kubva
paupfumi hwezvavakapamba zvavakadzoka nazvo. 12 Vakaita sungano
yokutsvaka Jehovha, Mwari wamadzibaba avo, nemwoyo yavo nemweya
yavo yose. 13 Vose vakanga vasingazotsvaki Jehovha, Mwari waIsraeri,
vaizofanira kuurayiwa, zvisinei kuti mudiki kana mukuru, murume kana
mukadzi. 14 Vakapika kuna Jehovha nenzwi guru nokudanidzira uye
nehwamanda nenyanga. 15 Judha yose yakafara nokuda kwemhiko iyi
nokuti vakanga vapika nomwoyo wose. Vakatsvaka Mwari nomwoyo
unoda, uye iye akawanikwa navo. Saka Jehovha akavapa zororo kumativi
ose.

16 Mambo Asa akabvisazve ambuya vake Maaka kubva panzvimbo
yavo samai vamambo nokuti vakanga vagadzira danda rinonyangadza
raAshera. Asa akatema danda riya akarityora-tyora akaripisa muMupata
weKidhironi. 17 Kunyange zvake asina kubvisa nzvimbo dzakakwirira
kubva muIsraeri, Asa akanga akazvipira nomwoyo wake wose kuna
Jehovha upenyu hwake hwose. 18 Akauyisa mutemberi yaMwari sirivha
negoridhe nemidziyo yaakanga akumikidza iye nababa vake.

19 Hakunazve kuzoita hondo kusvikira pagore ramakumi matatu na-
mashanu rokutonga kwaAsa.

# 16

*Makore Okupedzisira aAsa*

1 Mugore ramakumi matatu namatanhatu rokutonga kwaAsa, Bhaasha
mambo weIsraeri akamukira Judha akandovakira Rama masvingo kuti
arege kutendera munhu kubuda kana kupinda munyika yaAsa mambo
weJudha.

2 Ipapo Asa akatora sirivha negoridhe kubva mumatura epfuma
yetemberi yaJehovha nokubva mumuzinda wake akazvitumira kuna
Bheni-Hadhadhi mambo weAramu, uyo aitonga kuDhamasiko. 3 Akati,
"Ngapave nechibvumirano pakati pangu nemi, sezvazvakanga zvakaita
pakati pababa vangu nababa venyu. Tarirai, ndiri kukutumirai sirivha
negoridhe. Zvino putsai chibvumirano chenyu naBhaasha mambo waIs-
raeri kuti agobva kwandiri."

4 Bheni-Hadhadhi akatenderana namambo Asa uye akatumira vakuru
vehondo yake kundorwisa maguta eIsraeri. Vakakunda Ijoni, Dhani,
Abheri Maimi namaguta ose amatura eNafutari. 5 Bhaasha paakanzwa
izvi, akasiya kuvaka Rama akaregedza basa rake. 6 Ipapo Mambo Asa
akauyisa varume vose veJudha, uye vakatakura kubva kuRama matombo
ose namatanda aishandiswa naBhaasha. Akavaka Gebha neMizipa nazvo.
7 Panguva iyoyo Hanani muoni akauya kuna Asa mambo weJudha
akati kwaari, "Nokuti wakavimba namambo weAramu, kwete naJehovha
Mwari wako, hondo yamambo weAramu yapunyuka kubva mumaoko
ako. 8 Ko, vaEtiopia navaRibhiya vakanga vasiri hondo huru nengoro
zhinji navatasvi vamabhiza vazhinji here? Asi pamakavimba naJehovha,
akavaisa mumaoko enyu. 9 Nokuti meso aJehovha anosvika panyika yose
kwaari, wakaita chinhu choupenzi uye kubva zvino zvichienda mberi
ucharwa hondo."
10 Asa akashatirwa kwazvo zvokuti akamuisa mutorongo. Panguva
imwe cheteyo Asa akadzvinyirira vamwe vanhu.
11 Mamwe mabasa okutonga kwaAsa, kubva pakutanga kusvika
pakupedzisira akanyorwa mubhuku ramadzimambo aJudha neIsraeri.
12 Mugore ramakumi matatu namapfumbamwe rokutonga kwake, Asa
akabatwa nechirwere mumakumbo ake. Kunyange chirwere chake
chakanga chanyanyisa mukurwara kwake imomo haana kutsvaka rubat-
siro kubva kuna Jehovha asi kubva kuvarapi chete. 13 Zvino mugore
ramakumi mana nerimwe chete rokutonga kwake, Asa akafa akazorora
namadzibaba ake. 14 Vakamuviga muguva raakanga azvigadzirira muGuta
raDhavhidhi. Vakamuradzika panhoo yakanga yakazara nezvinonhuh-
wira zvemhando dzakasiyana-siyana zvakanga zvakavhenganiswa uye
vakaita moto mukuru vachimuremekedza.

# 17

*Jehoshafati Mambo weJudha*

1 Jehoshafati mwanakomana wake akamutevera paumambo uye
akazvisimbisa pakurwisana neIsraeri. 2 Akaisa varwi mumaguta
akakomberedzwa namasvingo eJudha aya akaisa mapoka avarwi mu-
Judha nomumaguta eEfuremu akanga atapwa nababa vake Asa.
3 Jehovha vaiva naJehoshafati nokuti pamazuva ake okutonga akafamba
munzira dzaiteverwa nababa vake Dhavhidhi. Haana kubvunza kuna
vana Bhaari. 4 Asi akatsvaka Mwari wababa vake akatevera kurayira
kwake akasatevera mabasa aIsraeri. 5 Jehovha akasimbisa umambo
hwaiva pasi pake; uye Judha yose yakauya nezvipo kuna Jehoshafati, saka
akava nepfuma zhinji nokuremekedzwa kukuru. 6 Mwoyo wake wakanga
wakazvipira kunzira dzaJehovha uyezve akabvisa nzvimbo dzakakwirira
namatanda aAshera kubva muJudha.
7 Mugore rechitatu rokutonga kwake akatuma vakuru vavabati vake
vaiti Bheni-Hairi, Obhadhia, Zekaria, Netaneri naMikaya kuti van-
dodzidzisa mumaguta eJudha. 8 Pamwe chete navo paiva navamwe
vaRevhi vaiti: Shemaya, Netania, Zebhadhia, Asaheri, Shemiramoti,
Jehonatani, Adhoniya, Tobhiya naTobhi-Adhoniya, uye navaprista Er-
ishama naJehoramu. 9 Vakadzidzisa Judha yose vaine Bhuku roMurayiro
waJehovha; vakatenderera kumaguta ose aJudha vakadzidzisa vanhu.
10 Kutya Jehovha kwakawira madzimambo enyika dzakanga dza-
kapoteredza Judha, zvokuti havana kuda kurwa naJehoshafati. 11 Vamwe

vaFiristia vakavigira Jehoshafati zvipo nesirivha somutero, uye vaArabhu vakamuvigira mapoka amakwai aiti: zviuru zvinomwe namazana manomwe amakondobwe nezviuru zvinomwe namazana manomwe embudzi.
12 Jehoshafati akazova nesimba guru kwazvo; akavaka nhare namaguta
amatura muJudha; 13 uye akaita mabasa mazhinji mumaguta eJudha.
Aivawo navarwi vane ruzivo rwokurwa muJerusarema. 14 Kunyoreswa
kwavo nemhuri dzavo kwakanga kwakadai:

Kubva kuJudha, vatungamiri vamapoka avarwi chiuru:
Adhina mutungamiri aiva navarwi zviuru mazana matatu;
15 aitevera ndiJehohanani mutungamiri aiva navarwi zviuru mazana maviri namakumi masere;
16 aitevera ndiAmasia mwanakomana waZikiri, uyo akazvipira kushandira Jehovha, aina varwi zviuru mazana maviri.
17 Kubva kuBhenjamini:
Eriadha murwi akanga akashinga, aiva murwi aiva navarwi zviuru mazana maviri vakanga vakabata uta nenhoo;
18 aitevera ndiJehozabhadhi navarume zviuru zana namakumi masere vakagadzirira kurwa hondo.

19 Ava ndivo varume vaibatira mambo, tisingaverengi avo vaakaisa mumaguta ane masvingo muJudha yose.

# 18

*Mikaya anoprofita zvinopesana naAhabhu*

1 Zvino Jehoshafati akava nepfuma zhinji nokukudzwa kukuru, uye
akava noukama naAhabhu nokuda kwokuroorerana. 2 Zvino mamwe
makore akati apfuura, iye akaenda kundoshanyira Ahabhu kuSamaria.
Ahabhu akauraya makwai akawanda nemombe achiitira iye navanhu uye
akamukurudzira kuti arwise Ramoti Gireadhi. 3 Ahabhu mambo weIsraeri
akakumbira Jehoshafati mambo weJudha, akati, “Mungandibatsirawo here kundorwisa Ramoti Gireadhi?”

Jehoshafati akapindura akati, “Ini ndakaita sewe uye vanhu vangu
savanhu vako; tichakubatsirai muhondo.” 4 Asi Jehoshafati akatizve kuna
mambo weIsraeri, “Chokutanga, tsvakai kuda kwaJehovha.”

5 Saka mambo weIsraeri akaunganidza vaprofita vaisvika mazana mana akavabvunza akati, “Tingaenda kundorwisana neRamoti Gireadhi here kana kuti ndorega?”

Vakapindura vakati, “Endai nokuti Mwari achariisa mumaoko amambo.”

6 Asi Jehoshafati akabvunza akati, “Hakuna here muprofita waJehovha watingabvunza?”

7 Mambo weIsraeri akapindura Jehoshafati akati, “Pachine murume mumwe chete watingabvunza nezvaJehovha asi ndinomuvenga nokuti haamboprofita zvakanaka pamusoro pangu, asi zvakaipa nguva dzose. Anonzi Mikaya mwanakomana waImira.”

Jehoshafati akapindura akati, “Mambo havafaniri kutaura vachidaro.”

8 Saka mambo weIsraeri akadana mumwe wavabati vavo akati, “Uya naMikaya mwanakomana waImira iye zvino.”

9 Vakapfeka nguo dzavo dzoumambo, mambo weIsraeri naJehoshafati mambo weJudha vakanga vakagara pazvigaro zvavo zvoushe paburiro

pamukova wesuo reSamaria, navaprofita vose vachiprofita pamberi pavo.
10 Zvino Zedhekia mwanakomana waKenaana akanga agadzira nyanga
dzesimbi, uye akataura achiti, “Zvanzi naJehovha: ‘Neidzi muchabaya
vaAramu kusvikira vaparara.’ ”
11 Vamwe vaprofita vose vachiprofita zvimwe chetezvo, vakati, “Rwisai
Ramoti Gireadhi uye mukunde, nokuti Jehovha achariisa mumaoko
amambo.”
12 Nhume yakanga yaenda kundodaidza Mikaya yakati kwaari, “Tarira,
somunhu mumwe vamwe vaprofita vari kutaura nezvokubudirira kwa-
mambo. Shoko rako ngariwirirane neravamwe, uye utaure zvakanaka.”
13 Asi Mikaya akati, “Zvirokwazvo naJehovha mupenyu ndinogona
kumutaurira chete zvinotaurwa naMwari wangu.”
14 Paakasvika, mambo akamubvunza akati, “Mikaya, tingaenda here
kundorwisana neRamoti Gireadhi kana kuti ndiregere?”
Akapindura akati, “Varwisei munokunda nokuti vachaiswa mumaoko
enyu.”
15 Mambo akati kwaari, “Kangani kandinofanira kukuita kuti upike kuti
usandiudza zvimwe zvinhu kunze kwechokwadi muzita raJehovha?”
16 Ipapo Mikaya akapindura akati, “Ndakaona Israeri yose yakapararira
mumaoko samakwai asina mufudzi, uye Jehovha akati, ‘Vanhu ava havana
tenzi, regai mumwe nomumwe wavo adzokere kumba kwake murugare.’ ”
17 Mambo weIsraeri akati kuna Jehoshafati, “Handina kukuudzai here
kuti haamboprofita zvakanaka pamusoro pangu asi zvakaipa chete?”
18 Mikaya akaenderera mberi achiti, “Naizvozvo inzwai shoko raJe-
hovha: Ndakaona Jehovha akagara pachigaro chake nehondo dzose
dzokudenga dzakamira kurudyi rwake nokuruboshwe kwake. 19 Uye
Jehovha akati, ‘Ndiani angakwezva Ahabhu mambo weIsraeri kuti andor-
wisa Ramoti Gireadhi kuti aende kurufu rwake ikoko?’
“Mumwe akataura izvi, mumwe izvo. 20 Pakupedzisira mumwe mweya
wakauya, ukamira pamberi paJehovha ukati, ‘Ini ndichandomukwezva.’
“Jehovha akabvunza akati, ‘Nenzira ipi.’
21 “Akati, ‘Ndichaenda ndonova mweya wenhema mumiromo yavaprof-
ita vake.’
“Jehovha akati, ‘Uchabudirira mukumukwezva. Enda unozviita.’
22 “Saka zvino Jehovha aisa mweya wenhema mumiromo yavaprofita
venyu ava. Jehovha akatema chirevo chokuparadzwa kwako.”
23 Ipapo Zedhekia mwanakomana waKenaana akakwira akandorova
Mikaya kumeso nembama akabvunza akati, “Mweya waJehovha waenda
nokupi pawabuda mandiri kuti utaure kwauri?”
24 Mikaya akapindura akati, “Uchazozviziva zuva rauchaenda kuno-
hwanda mukamuri yomukati.”
25 Mambo weIsraeri ipapo akarayira akati, “Torai Mikaya mumu-
tumire kuna Amoni mutongi weguta nokuna Joashi mwanakomana
wamambo. 26 Muti, ‘Zvanzi namambo: Isai murume uyu mutorongo
uye musamupa chimwe chinhu kunze kwechingwa nemvura kusvikira
ndadzoka zvakanaka.’ ”
27 Mikaya akati, “Kana mukadzoka zvakanaka Jehovha haana kutaura
neni.” Akawedzerazve achiti, “Batisisai mashoko angu, imi vanhu vose!”

### *Ahabhu anourayiwa paRamoti Gireadhi*

28 Saka mambo weIsraeri naJehoshafati mambo weJudha vakakwira
kuRamoti Gireadhi. 29 Mambo weIsraeri akati kuna Jehoshafati, “Ini

ndichapinda muhondo ndakapfeka nguo dzokuti ndisazivikanwa asi imi pfekai nguo dzenyu dzoumambo." Saka mambo weIsraeri akazvishandura akapinda muhondo.

30 Zvino mambo weAramu akanga arayira vakuru vengoro achiti,
"Musarwisana navamwe vose, vadiki kana vakuru kunze kwamambo
weIsraeri." 31 Vakuru vengoro pavakaona Jehoshafati vakafunga kuti
ndiye mambo weIsraeri. Saka vakatendeuka kuti vamurwise asi Jehoshafati akachema, Jehovha akamurwira. Mwari akavabvisa kwaari,
32 nokuti vakuru vengoro pavakaona kuti akanga asiri iye mambo
weIsraeri vakarega kumudzingirira.

33 Asi mumwe munhu akangokanda museve wake usina kunanga
munhu ukandobaya mambo weIsraeri pakati pezvikamu zvenguo dzake dzokurwa nadzo. Mambo akataurira muchairi wengoro kuti, "Tendeutsa ngoro undibvise muhondo. Ndakuvara." 34 Kwezuva rose kurwa
kwakaenderera mberi uye mambo weIsraeri akazvitsigira mungoro yake akarwisana navaAramu kusvikira manheru. Zvino pakuvira kwezuva akafa.

# 19

1 Jehoshafati mambo weJudha paakadzoka zvakanaka kumuzinda wake
muJerusarema, 2 Jehu muoni, mwanakomana waHanani, akabuda kun-
dosangana naye akati kuna mambo, "Mungabatsira here vanhu vakaipa uye mugoda avo vanovenga Jehovha? Nokuda kwaizvozvi kutsamwa
kwaJehovha kwava pamusoro penyu. 3 Kunyange zvakadaro hazvo,
mamuri mune zvakanaka nokuti makabvisa matanda aAshera munyika uye makaisa mwoyo wenyu pakutsvaka Mwari."

### *Jehoshafati anogadza Vatongi*

4 Jehoshafati aigara muJerusarema, uye akaendazve pakati pavanhu vokuBheeri Shebha kunyika yezvikomo yaEfuremu akavadzosa kuna
Jehovha, Mwari wamadzibaba avo. 5 Akagadza vatongi munyika muguta
rimwe nerimwe reJudha rakakomberedzwa namasvingo. 6 Akavaudza
kuti, "Cherechedzai zvikuru zvamunoita, nokuti hamusi kutongera vanhu
asi Jehovha, uyo anenge anemi pamunopa mitongo. 7 Zvino kutya
Jehovha ngakuve pamusoro penyu mutonge zvakanaka, nokuti kuna Jehovha Mwari wedu hakuna kusaruramisira kana kutsaura vanhu kana kugamuchira fufuro."

8 MuJerusarema, Jehoshafati akagadza vamwe vevaRevhi, vaprista
navakuru vemhuri dzavaIsraeri kuti vagochengetedza murayiro waJe-
hovha uye kuti vapedze gakava, uye vakagara muJerusarema. 9 Akavapa
mirayiro iyi: "Munofanira kubata basa makatendeka nomwoyo wose mu-
chitya Jehovha. 10 Munyaya ipi neipi inouya kwamuri kubva kuna vamwe
vomunyika yenyu vanogara mumaguta, kungava kuteuka kweropa kana zvimwewo zvinotaurwa nomurayiro, zvakarayirwa, mitemo kana zvirevo, munofanira kuvayambira kuti vasatadzira Jehovha; mukasadaro kutsamwa kwake kuchauya pamusoro penyu nehama dzenyu. Itai izvi uye hamuzotadzi.

11 "Amaria muprista mukuru ndiye achakutongai panyaya ipi zvayo
iri maererano naJehovha. Uye Zebhadhia mwanakomana waIshumaeri mutungamiri worudzi rwaJudha, achakutongai panyaya ipi zvayo iri maererano naMambo uye vaRevhi vachashanda savatariri pamberi

penyu. Itai zvose nokushinga uye Jehovha ngaave navose vanoita zvakanaka.”

# 20

*Jehoshafati anokunda vaMoabhu navaAmoni*

1 Shure kwaizvozvi vaMoabhu navaAmoni navamwe vaMeuni vakauya kuzorwa naJehoshafati.

2 Vamwe varume vakauya vakaudza Jehoshafati kuti, “Hondo huru
kwazvo iri kuuya kuzokurwisai kubva kuEdhomu, vachibva mhiri kwe-
Gungwa. Yatova muHazazoni Tamari (zvichireva Eni Gedhi).” 3 Achitya,
Jehoshafati akafunga kundobvunza Jehovha, akadaidzira kuti Judha yose
itsanye. 4 Vanhu veJudha vakaungana pamwe chete kuti vatsvage
rubatsiro kubva kuna Jehovha. Zvirokwazvo, vakabva mumaguta ose eJudha kuzomutsvaka.

5 Ipapo Jehoshafati akamira muungano yeJudha neJerusarema patem-
beri yaJehovha pamberi pechivanze chitsva, 6 uye akati:

“Haiwa Jehovha, Mwari wamadzibaba edu, hamusimi here Mwari
wokudenga? Munotonga umambo hwose huri panyika. Simba noukuru
zviri muruoko rwenyu. Uye hapana angagona kukukundai. 7 Haiwa
Mwari wedu, hamuna here kudzinga vagari venyika ino pamberi
pavanhu venyu Israeri mukaipa zvachose kuvana vaAbhurahama,
shamwari yenyu? 8 Vakararama mairi, uye vakavakira mairi imba
yeZita renyu vachiti, 9 ‘Kana dambudziko rikatiwira, ringava pfumo rokutonga kana denda, kana nzara, tichamira muuvepo hwenyu pamberi petemberi ine Zita renyu, uye tichachema kwamuri mukutambudzika kwedu uye imi muchatinzwa mugotinunura.’

10 “Asi zvino ava varume vabva kuAmoni, Moabhu neGomo reSeiri
vane nyika yamusina kutendera Israeri kuti itore payakabva kuIjipiti.
Saka vakavarega uye vakasavaparadza. 11 Onai kuti vava kutiripa sei
nokuuya kwavo kuzotidzinga munyika yamakatipa senhaka. 12 Haiwa
Mwari wedu, hamungavatongi here? Nokuti isu hatina simba rokutonga hondo huru yakadai iri kuuya kuzotirwisa. Hatizivi kuti tingaita sei, asi meso edu akatarisa kwamuri.”

13 Varume vose veJudha, navakadzi vavo navana vadiki, vakamira pamberi paJehovha.

14 Ipapo mweya waMwari wakauya pana Jahazieri mwanakomana waZekaria, mwanakomana waBhenaya, mwanakomana waJeyeri, mwanakomana waMatania muRevhi uye chizvarwa chorudzi rwaAsafi, paakanga akamira muungano.

15 Akati, “Teererai, Mambo Jehoshafati navose vanogara muJudha
neJerusarema! Zvanzi naJehovha kwamuri, ‘Musatya kana kuora mwoyo
nokuda kwehondo iyi huru, nokuti kurwa uku hakusi kwenyu, asi ndok-
waMwari. 16 Mangwana dzikai mundovarwisa. Vachange vachikwidza
nomuMupata weZizi uye muchavawana kumagumo omupata muGwenga
reJerueri. 17 Hamusi kuzorwa hondo iyi. Torai nzvimbo dzenyu;
mumire makasimba mugoona kununurwa kwamuchapiwa naJehovha, imi Judha neJerusarema. Musatya; musaora mwoyo, endai mundovarwisa mangwana, uye Jehovha achava nemi.’ ”

18 Jehoshafati akakotamisa chiso chake pasi uye vanhu vose veJudha neJerusarema vakawira pasi vachinamata pamberi paJehovha.

19 Ipapo vamwe vaRevhi kubva kuvaKohati navaKorahi vakasimuka
vakarumbidza Jehovha, Mwari waIsraeri nenzwi guru kwazvo.
20 Mangwanani-ngwanani vakaenda kuGwenga reTekoa. Vava kuenda,
Jehoshafati akasimuka akati, "Teererai kwandiri, Judha navanhu ve-
Jerusarema! Tendai Jehovha Mwari wenyu ipapo muchasimbiswa; tendai
vaprofita vake ipapo muchabudirira." 21 Shure kwokunge abvunzana
navanhu, Jehoshafati akagadza varume kuti vaimbire Jehovha uye vamu-
rumbidze nokuda kwokunaka kwoutsvene hwake pavaifamba vari mberi
kwehondo, vachiti:

"Vongai Jehovha,
nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi."

22 Pavakatanga kuimba vachirumbidza, Jehovha akaisa vavandiri kuti
varwise varume veAmoni neMoabhu neveGomo reSeiri vaiuya kuzorwisa
Judha, uye vakakundwa. 23 Varume veAmoni neMoabhu vakasimuka
vakarwisa varume vaibva kuGomo reSeiri kuti vavaparadze zvachose.
Vapedza kuuraya varume veSeiri vakaurayana pachavo.
24 Varume veJudha pavakasvika panzvimbo yakatarisana nerenje
vakatarisa kwakanga kwaimbova nehondo huru vakangoona mitumbi
yavanhu vakafa yakati rakata; hapana akapunyuka. 25 Saka Jehoshafati
navanhu vake vakaenda kundotakura pfuma yavakanga vapamba, uye
vakawana pakati pezvinhu izvi nhumbi dzakawanda nezvipfeko ne-
midziyo inokosha, yakawanda kupfuura zvavaikwanisa kutakura. Paiva
nezvakapambwa zvakawanda kwazvo zvokuti vakapedza mazuva matatu
vachingotakura. 26 Pazuva rechina vakaungana muMupata weBheraka
pavakarumbidza Jehovha. Ndokusaka uchiri kunzi Mupata weBheraka
kusvikira nhasi.
27 Ipapo vachitungamirirwa naJehoshafati, varume vose veJudha ne-
Jerusarema vakadzoka nomufaro kuJerusarema, nokuti Jehovha akanga
avapa chikonzero chokufara pamusoro pavavengi vavo. 28 Vakapinda
muJerusarema vakaenda kutemberi yaJehovha nembira nemitengeranwa
nehwamanda.
29 Kutya Mwari kwakauya pamadzimambo ose enyika pavakanzwa
kuti Jehovha akanga arwisa sei vavengi veIsraeri. 30 Uye nyika yaJe-
hoshafati yakava norunyararo, nokuti Mwari wake akanga amupa zororo
kumativi ose.

### *Magumo oKutonga kwaJehoshafati*

31 Saka Jehoshafati akatonga Judha. Akanga ana makore makumi matatu
namashanu paakava mambo weJudha, uye akatonga muJerusarema
kwamakore makumi maviri namashanu. Mai vake vainzi Azubha
mwanasikana waShiri. 32 Akafamba nomunzira dzababa vake Asa uye
haana kutsauka kubva madziri; akaita zvakanga zvakarurama pamberi
paJehovha. 33 Asi nzvimbo dzakakwirira hadzina kubviswa uye vanhu
havana kunge vaisa mwoyo yavo kuna Mwari wamadzibaba avo.
34 Mamwe mabasa okutonga kwaJehoshafati kubva pakutanga kusvikira
pakupedzisira, akanyorwa mumashoko enhoroondo yaJehu mwanako-
mana waHanani, akanyorwa mubhuku ramadzimambo eIsraeri.
35 Mushure maizvozvi, Jehoshafati mambo weJudha akaita chitenderano
naAhazia mambo weIsraeri uyo akanga akaipa kwazvo. 36 Akatenderana
naye kuvaka zvikepe zvaizoenda kuTashishi. Mushure mokunge zvikepe
izvi zvapera kuvakwa paEzioni Gebheri, 37 Eriezeri mwanakomana waD-
hodhavhahu, wokuMaresha akaprofita zvakaipa pamusoro paJehoshafati

achiti, “Nokuti maita sungano naAhazia, Jehovha achaparadza zvamaita.”
Zvikepe zvakaparadzwa uye hazvina kukwanisa kufamba kuenda ku-
Tashishi.

# 21

1 Ipapo Jehoshafati akazozorora namadzibaba ake akavigwa navo
muguta raDhavhidhi uye Jehoramu mwanakomana wake akamutevera
paumambo. 2 Vanun’una vaJehoramu vanakomana vaJehoshafati vaiti
Azaria, Jehieri, Zekaria, Azariyahu, Mikaeri naShefatia. Vose ava vaiva
vanakomana vaJehoshafati mambo weIsraeri. 3 Baba vavo vakanga
vavapa zvipo zvakawanda zvesirivha negoridhe nezvinhu zvinokosha
pamwe chete namaguta ana masvingo muJudha, asi akanga apa umambo
kuna Jehoramu nokuti aiva mwanakomana wake wokutanga.

### *Jehoramu Mambo weJudha*

4 Jehoramu paakazvisimbisa paumambo hwababa vake, akauraya va-
nun’una vake vose pamwe chete navamwe vana voumambo veIsraeri.
5 Jehoramu aiva namakore makumi matatu namaviri paakava mambo,
uye akatonga muJerusarema kwamakore masere. 6 Akafamba nenzira
dzamadzimambo eIsraeri, sezvakanga zvaitwa neimba yaAhabhu nokuti
akawana mwanasikana waAhabhu. Akaita zvakaipa pamberi paJehovha.
7 Zvisinei hazvo, nokuda kwesungano yakanga yaitwa naJehovha naD-
havhidhi, Jehovha haana kuda kuparadza imba yaDhavhidhi. Akanga
avimbisa kuchengetedza mwenje wake nezvizvarwa zvake nokusingaperi.
8 Panguva yaJehoramu, Edhomu yakapandukira Judha ikagadza mambo
wayo. 9 Saka Jehoramu akaendako namachinda ake nengoro dzake dzose.
VaEdhomu vakamukomba navakuru vake nengoro dzake asi akasimuka
akabuda pakati pavo nousiku. 10 Kusvikira nhasi vaEdhomu vakaramba
vakamukira Judha.

Ribhina yakavamukirawo panguva imwe cheteyo, nokuti Jehoramu
akanga arasa Jehovha, Mwari wamadzibaba ake. 11 Akanga avakawo
nzvimbo dzakakwirira pamakomo eJudha akaita kuti vanhu veJerusarema
vaite upombwe akatungamirira Judha mukurasika.
12 Jehoramu akatambira tsamba kubva kuna muprofita Eria yaiti:

> “Zvanzi naJehovha, Mwari wababa vako Dhavhidhi: ‘Hauna kufamba
> munzira dzababa vako Jehoshafati kana dzaAsa mambo weJudha. 13 Asi
> wakafamba nomunzira dzamadzimambo eIsraeri uye wakatungamirira
> Judha navanhu vose veJerusarema mukuita upombwe sezvakaitwa
> neimba yaAhabhu. Wakaurayawo hama dzako, nhengo dzeimba yababa
> vako varume vakanga vari nani kupfuura iwe. 14 Saka zvino Jehovha
> ava kuda kuparadza vanhu vako, vanakomana vako, vakadzi vako
> nechose chinonzi ndechako, neshamhu inorema kwazvo. 15 Iwewe
> pachako ucharwara zvikuru nechirwere chomuura, kusvikira chirwere
> ichi chaita kuti ura hwako hubude kunze.’ ”

16 Jehovha akamutsa vaFiristia navaArabhu vaigara pedyo navaEtiopia
kuti varwise Jehoramu. 17 Vakarwisa Judha, vakaipamba vakatakura
zvinhu zvose zvavakawana mumuzinda wamambo pamwe chete na-
vanakomana vake navakadzi vake. Hakuna mwanakomana mumwe chete
akasiyiwa kwaari kunze kwaAhazia mudiki pane vose.
18 Shure kwaizvozvi zvose, Jehovha akarwadzisa Jehoramu nechirwere
chisingarapike choura. 19 Nokufamba kwenguva mukupera kwegore
rechipiri maura ake akabuda kunze nokuda kwechirwere ichi, uye akafa

achirwadziwa zvikuru. Vanhu vose havana kuvesa moto wokumure-
mekedza sezvavakanga vaitira baba vake.
20 Jehoramu aiva namakore makumi matatu namaviri paakava mambo
uye akatonga muJerusarema kwamakore masere. Paakafa hapana
akarwadziwa nokufa kwake, akavigwa muguta raDhavhidhi asi kwete
kumakuva amadzimambo.

# 22

*Ahazia Mambo weJudha*

1 Vanhu veJerusarema vakaita Ahazia, mwanakomana waJehoramu
mudiki pane vose, mambo panzvimbo yake, nokuti vapambi vakanga
vauya navaArabhu muJudha, vakanga vauraya vamwe vanakomana vake
vakuru. Saka Ahazia, mwanakomana waJehoramu mambo weJudha,
akatanga kutonga.
2 Ahazia aiva namakore makumi maviri namaviri paakava mambo, uye
akatonga muJerusarema kwegore rimwe chete. Mai vake vainzi Ataria,
muzukuru waOmuri.
3 Iyewo akafamba munzira dzeimba yaAhabhu nokuti mai vake
vaimukurudzira kuita zvakaipa. 4 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha
sezvakanga zvaitwa neveimba yaAhabhu nokuti baba vake pavakafa, ivo
vakatanga kumupa mazano. 5 Akateverazve kurayira kwavo paakaenda
naJoramu mwanakomana waAhabhu mambo weIsraeri kuhondo vachir-
wisana naHazaeri mambo weAramu paRamoti Gireadhi. VaAramu
vakakuvadza Joramu. 6 Saka akadzokera kuJezireeri kuti ambondopora
maronda aakanga akuvara paRamoti paairwa naHazaeri mambo weAr-
amu.
Ipapo Ahazia mwanakomana waJehoramu mambo weJudha akadzika
kuJezireeri kundoona Joramu mwanakomana waAhabhu nokuti akanga
akuvara.
7 Mukushanya kwaAhazia kuna Joramu, Mwari akauyisa kuparadzwa
kwaAhazia. Ahazia paakasvika akaenda naJoramu kundosangana naJehu
mwanakomana waNimishi, uyo akanga azodzwa naJehovha kuti aparadze
imba yaAhabhu. 8 Jehu paakanga ava kutonga imba yaAhabhu akawana
machinda eJudha navanakomana vehama dzaAhazia, vakanga vachis-
handira Ahazia, akavauraya. 9 Ipapo akaenda kundotsvaka Ahazia, uye
vanhu vake vakamubata paakanga akavanda muSamaria. Akauyiswa
kuna Jehu, ndokuurayiwa. Vakamuviga nokuti vakati, "Akanga ari
mwanakomana waJehoshafati, aitsvaga Mwari nomwoyo wake wose."
Saka pakasara pasina akanga akasimba muimba yaAhazia zvokuti angag-
ona kubata ushe.

*Ataria naJoashi*

10 Ataria mai vaAhazia pavakaona kuti mwanakomana wavo afa,
vakasimuka vakandoparadza mhuri yose youmambo hweimba yaJudha.
11 Asi Jehoshebha, mwanasikana waMambo Jehoramu akatora Joashi
mwanakomana waAhazia uya akamuba kubva pakati pavanakomana
vamambo avo vakanga vava kuda kuurayiwa uye akamuisa iye nomureri
wake mumba mokuvata. Nokuti Jehoshebha, mwanasikana wamambo
Jehoramu nomukadzi womuprista Jehoyadha, aiva hanzvadzi yaAhazia,
akaviga mwana kubva kuna Ataria kuti asamuuraya. 12 Akaramba
akavanzwa navo patemberi yaMwari kwamakore matanhatu Ataria
paaitonga nyika.

# 23

1 Mugore rechinomwe Jehoyadha akaratidza simba rake. Akaita
sungano navatungamiri vamapoka amazana: Azaria mwanakomana
waJerohamu, Ishumaeri mwanakomana waJehohanani, Azaria mwanako-
mana waObhedhi, Maaseya mwanakomana waAdhaya naErishafati
mwanakomana waZikiri. 2 Vakaenda muJudha yose vakandokokorodza
vaRevhi navakuru vemhuri dzavaIsraeri kubva kumaguta ose. Pavakauya
kuJerusarema, 3 ungano yose yakaita sungano namambo patemberi
yaMwari.

Jehoyadha akati kwavari, "Mwanakomana wamambo achatonga soku-
vimbisa kwakaita Jehovha maererano nezvizvarwa zvaDhavhidhi. 4 Zvino
izvi ndizvo zvamunofanira kuita: Chikamu chimwe chete muzvitatu
chenyu vaprista navaRevhi vanoshanda neSabata vanofanira kurinda
mikova, 5 chikamu chimwe chete muzvitatu pakati penyu kumuzinda
wamambo, nechikamu chimwe chete kubva muzvitatu pakati penyu
pasuo renheyo, uye vamwe varume vose vanofanira kuva muzvivanze
zvetemberi yaJehovha. 6 Hapana anofanira kupinda mutemberi yaJe-
hovha kunze kwavaprista navaRevhi vanenge vari pabasa, vanokwanisa
kupinda havo nokuti ivo vakanatswa. Asi vamwe varume vose vanofanira
kuchengetedza basa ravakapiwa naJehovha. 7 VaRevhi vanofanira kumira
vakakomba mambo, murume mumwe nomumwe aine zvombo zvake
muruoko rwake. Ani naani zvake anopinda mutemberi anofanira
kuurayiwa. Garai pedyo namambo kwose kwaanoenda."

8 VaRevhi navarume vose veJudha vakaita sezvavakanga varayirwa
naJehoyadha muprista. Mumwe nomumwe akatora vanhu vake vaifanira
kupinda pabasa nokuti Jehoyadha muprista akanga asina kusunungura
boka ripi zvaro. 9 Ipapo akapa vakuru vamapoka amazana mapfumo
nenhoo huru nediki dzaiva dzaMambo Dhavhidhi dzaiva mutemberi
yaMwari. 10 Akamisa varume vose panzvimbo, mumwe nomumwe aine
chombo chake muruoko rwake, vakakomberedza mambo, pedyo neari-
tari netemberi, kubva kurutivi rwezasi kusvika kurutivi rwokumusoro
kwetemberi.

11 Jehoyadha navanakomana vake vakaburitsa mwanakomana wa-
mambo vakaisa korona paari, vakamupa gwaro resungano vakamugadza
samambo. Vakamuzodza vakadaidzira vachiti, "Mambo ngaararame
kwamakore akawanda!"

12 Ataria paakanzwa ruzha rwavanhu vaimhanya vachipemberera
mambo, akaenda kwavari patemberi yaJehovha. 13 Akatarisa, akaona
mambo akamira pambiru yake pavanopinda napo. Vakuru navaridzi
vehwamanda vakanga vamire namambo. Uye vanhu vose venyika
vakanga vachipembera vachiridza hwamanda uye vaimbi vaine zviridzwa
vaitungamirira mukurumbidza. Ipapo Ataria akabvarura nguo dzake
akadanidzira achiti, "Ndamukirwa! Ndamukirwa!"

14 Jehoyadha muprista akatuma vakuru vamapoka ezana,
vaitungamirira varwi akati kwavari, "Muburitsei kunze pakati pavanhu,
uye muuraye ani naani anenge amutevera." Nokuti muprista akanga
ati, "Musamuurayire patemberi yaJehovha." 15 Saka vakamubata
paakasvika pamukova weSuo Ramabhiza pachivanze chomuzinda uye
ipapo vakamuuraya.

16 Ipapo Jehoyadha akaita sungano yokuti iye navanhu namambo
vachava vanhu vaJehovha. 17 Vanhu vose vakaenda kutemberi yaBhaari

vakandoiparadza, vakaputsa aritari nezvifananidzo vakauraya Matani
muprista waBhaari pamberi pearitari.
18 Ipapo Jehoyadha akaisa temberi yaJehovha mumaoko avaprista,
vaiva vaRevhi vakanga vapiwa mabasa naDhavhidhi, omutemberi,
okupisira zvipiriso zvinopiswa zvaJehovha sezvazvakanyorwa muMu-
rayiro waMozisi, vachifara uye vachiimba, sokurayira kwakanga kwaitwa
naDhavhidhi. 19 Akamisazve vachengeti vamasuo pamasuo etemberi
yaJehovha kuitira kuti pasawana uyo akanga asina kuchena nenzira ipi
zvayo angapinda.
20 Akaenda navatungamiri vamazana, makurukota navatongi vavanhu
navanhu vose venyika vakandotora mambo kubva kutemberi yaJehovha.
Vakapinda mumuzinda neSuo Rokumusoro vakagarisa mambo pachigaro
choumambo, 21 vanhu vose vomunyika vakapembera. Uye guta rakava
norunyararo nokuti Ataria akanga aurayiwa nomunondo.

# 24

*Joashi anogadziridza Temberi*

1 Joashi akanga ane makore manomwe paakava mambo, uye aka-
tonga muJerusarema kwamakore makumi mana. Mai vake vainzi
Zibhia uye vaibva kuBheerishebha. 2 Joashi akaita zvakanga zvakanaka
pamberi paJehovha pamazuva ose aJehoyadha muprista. 3 Jehoyadha
akamusarudzira vakadzi vaviri uye akava navanakomana navanasikana.
4 Kwapera kanguva Joashi akafunga kuti avandudze temberi yaJehovha.
5 Akaunganidza vaprista navaRevhi akati kwavari, “Endai kumaguta
eJudha mundotora mari inofanira kupiwa gore negore kubva kuIsraeri,
yokugadziridza nayo temberi yaMwari wenyu. Zviitei iye zvino.” Asi
vaRevhi havana kubva vazviita ipapo.
6 Naizvozvo mambo akadaidza Jehoyadha muprista mukuru akati
kwaari, “Sei usina kutuma vaRevhi kuti vauyise kubva kuJudha ne-
Jerusarema mutero wakarayirwa naMozisi muranda waJehovha ne-
ungano yeIsraeri weTende reChipupuriro?”
7 Zvino vanakomana vaAtaria mukadzi uya akaipa vakanga va-
manikidzira kupinda mutemberi yaMwari uye vakanga vashandisa kun-
yange midziyo yayo inoera mukunamata Bhaari.
8 Mambo akati arayira, bhokisi rakagadzirwa rikaiswa pasuo retemberi
yaJehovha. 9 Shoko rakatumwa muJudha neJerusarema kuti vaifanira
kuuyisa kuna Jehovha mutero wakanga warayirwa naMozisi muranda
waMwari kuti vaIsraeri vape murenje. 10 Machinda ose navanhu vose
vakauyisa zvipo zvavo nomufaro, vakazvikanda mubhokisi kusvikira
razara. 11 Pose paitakurwa bhokisi richipinzwa mukati navaRevhi ku-
machinda amambo, uye pavaiona kuti maiva nemari yakawanda, munyori
wamambo nomubati womuprista mukuru vaiuya vodurura mari kubva
mubhokisi riya voridzorera panzvimbo yaro. Vakaita izvi nguva nenguva
uye vakaunganidza mari yakawanda. 12 Mambo naJehoyadha akaipa
kuvanhu vaizoita basa raidiwa patemberi yaJehovha. Vakaripira vavezi
vamatombo navavezi vamatanda kuti vamise pakare temberi yaJehovha,
uyewo vapfuri vesimbi nendarira kuti vagadziridze temberi.
13 Varume vaibata basa iri vaiva nounyanzvi uye kugadziridza kwose
kwakaenderera mberi mumaoko avo. Vakavakazve temberi yaMwari
sezvayakanga yakaita pakutanga, vakaisimbisa. 14 Pavakapedza vakauy-
isa imwe mari yose yakanga yasara kuna mambo naJehoyadha, uye

yakagadziriswa midziyo yomutemberi yaJehovha: midziyo yokushandisa
neyezvipiriso zvinopiswa namadhishi nezvimwe zvegoridhe nesirivha.
Jehoyadha paakanga achiri mupenyu, zvipiriso zvinopiswa zvaitopiwa
nguva nenguva mutemberi yaJehovha.
15 Zvino Jehoyadha akanga akura ava namakore mazhinji, uye akafa ava
namakore zana namakumi matatu. 16 Akavigwa namadzimambo muGuta
raDhavhidhi, nokuda kwezvakanaka zvaakanga aitira Mwari muIsraeri
nomutemberi yake.

*Kuipa kwaJoashi*

17 Mushure mokufa kwaJehoyadha, vakuru veJudha vakauya kuzopa
rukudzo kuna mambo, uye akateerera kwavari. 18 Vakasiya temberi
yaJehovha, Mwari wamadzibaba avo, vakanamata matanda aAshera nezv-
ifananidzo. Nokuda kwokutadza kwavo, kutsamwa kwaMwari kwakauya
pamusoro peJudha neJerusarema. 19 Kunyange zvazvo Jehovha akatumira
vaprofita kuvanhu kuti vavadzosere kwaari, uye kunyange vaipupura
zvakaipa nezvavo, havana kuteerera.
20 Ipapo mweya waJehovha wakauya pana Zekaria, mwanakomana wa-
Jehoyadha muprista. Akamira pamberi pavanhu akati, "Zvanzi naMwari,
'Sei musingateereri mirayiro yaJehovha? Hamusi kuzobudirira. Nokuti
makasiya Jehovha, iye akusiyaiwo.' "
21 Asi ivo vakamupandukira uye nokurayira kwaMambo vakamutaka
namabwe kusvikira afa, muchivanze chetemberi yaJehovha. 22 Mambo
Joashi haana kurangarira tsitsi dzaJehoyadha baba vaZekaria dzavakanga
vamuratidza, asi akauraya mwanakomana wake, uye iye paakanga ava
kufa akati, "Jehovha ngaazvione izvi uye aite kuti muzvidavirire."
23 Pakupera kwegore hondo yeAramu yakauya kuzorwisa Joashi; yaka-
pamba Judha neJerusarema uye ikauraya vatungamiri vose vavanhu.
Vakatumira zvavakanga vapamba zvose kuna mambo wavo kuDhamasiko.
24 Kunyange zvazvo hondo yavaAramu yakanga ine varume vashoma
shoma, Jehovha akaisa hondo huru kwazvo mumaoko avo. Nokuti Judha
yakanga yarasa Jehovha, Mwari wamadzibaba avo, kutongwa kwakaiswa
pamusoro paJoashi. 25 VaAramu pavakazodzokera shure vakasiya Joashi
akuvara zvakanyanya. Machinda ake akarangana akamupa mhosva
yokuuraya mwanakomana waJehoyadha muprista, vakamuuraya akarara
panhoo yake. Saka akafa akavigwa muGuta raDhavhidhi, asi kwete
mumakuva amadzimambo.
26 Avo vakarangana pamusoro pake vaiti Zabhadhi mwanakomana
waShimeati, mudzimai wechiAmoni, naJehozabhadhi, mwanakomana
waShimiriti muMoabhu. 27 Nhoroondo dzavanakomana vake, nez-
vakaprofitwa pamusoro pake nezvakanyorwa pamusoro pokuvandudzwa
kwetemberi yaMwari zvakanyorwa mubhuku renhoroondo dzamadzi-
mambo. Uye Amazia mwanakomana wake akamutevera paumambo.

# 25

*Amazia Mambo weJudha*

1 Amazia aiva namakore makumi maviri namashanu paakava mambo,
akatonga muJerusarema kwamakore makumi maviri namapfumbamwe.
Mai vake vainzi Jehoadhini, uye vaibva kuJerusarema. 2 Akaita zvakanga
zvakanaka pamberi paJehovha, asi kwete nomwoyo wose. 3 Paakapedza
kusimbisa umambo hwake akauraya machinda akanga auraya baba vake.

4 Kunyange zvakadaro haana kuuraya vanakomana vavo asi akaita sez-
vazvakanga zvakanyorwa muMurayiro, muBhuku raMozisi, umo Jehovha
akarayira achiti, “Madzibaba havafaniri kuurayiwa nokuda kwavana
vavo, uye kuti vana havafaniri kuurayiwa nokuda kwamadzibaba avo.”

5 Amazia akaunganidza vanhu veJudha akavaronga zvichienderana
nemhuri dzavo pasi pavatungamiri vezviuru uye navatungamiri va-
mazana akaverengawo vaiva namakore makumi maviri naanopfuura
akaona kuti vaisvika zviuru mazana matatu vakanga vakagadzirira
kuenda kuhondo, vaigona kushandisa mapfumo nenhoo. 6 Akatorazve
varwi zviuru zana kubva kuIsraeri akavaripa matarenda zana* esirivha.

7 Asi munhu waMwari akauya kwaari akati, “Haiwa Mambo, ava varwi
vabva kuIsraeri havafaniri kuenda nemi nokuti Jehovha havasi kuIsraeri,
havasi kune upi zvake munhu wokuEfuremu. 8 Kunyange mukaenda
kundorwa nesimba rose, Mwari achakukundai pamberi pavavengi nokuti
Mwari ane simba rokubatsira kana kuputsa.”

9 Amazia akabvunza munhu waMwari akati, “Asi, matarenda zana
andakaripa kuvaIsraeri anoitwa sei?”

Munhu waMwari akapindura akati, “Jehovha anogona kukupa
zvakawanda kupfuura izvi.”

10 Saka Amazia akaregera varwi vose vakanga vabva kuEfuremu
vachienda uye akavati vaende zvavo kumba. Vakatsamwa zvikuru nokuda
kweJudha vakaenda kumba vachipopota zvikuru.

11 Ipapo Amazia akatungamirira hondo yake kuMupata weMunyu,
kwaakandouraya varume veSeiri zviuru gumi. 12 Hondo yeJudha yak-
abatazve varume zviuru gumi vakavatora vakaenda navo pamusoro
pegomo pamawere vakavakanda pasi pakavhunika-vhunika.

13 Panguva imwe cheteyo varwi vakanga vadzoserwa naAmazia
pakurwa uku vakandopamba maguta eJudhea kubva kuSamaria kusvika
kuBheti Horoni. Vakauraya zviuru zvitatu zvavanhu vakatakura zvinhu
zvizhinji kwazvo zvavakapamba.

14 Amazia paakadzoka kundouraya vaEdhomu, akadzosa vamwari
vavanhu veSeiri akavamisa, akavakotamira savamwari vake, akavapisira
zvibayiro. 15 Kutsamwa kwaMwari kwakauya pamusoro paAmazia,
akatuma muprofita kwaari, akati, “Seiko uchibvunzira kuna vamwari
vavanhu ava vakatadza kuponesa vanhu vavo kubva mumaoko ako?”

16 Achiri kutaura, mambo akati kwaari, “Ko, takugadza kuti uve mupi
wamazano wamambo here? Mira! Uchafireko?”

Saka muprofita akamira, asi akati, “Ndinoziva kuti Mwari akagadzirira
kukuparadza nokuti wakaita izvi, uye hauna kuteerera kurayira kwangu.”

17 Mushure mokunge Amazia mambo weJudha abvunza vapi vake
vamazano akatumira shoko rokudenha kuna Jehoashi, mwanakomana
waJehoahazi, mwanakomana waJehu, mambo weIsraeri achiti, “Uya
tisangane chiso nechiso.”

18 Asi Jehoashi mambo weIsraeri akapindura Amazia mambo weJudha
akati, “Rukato rwakanga rwuri muRebhanoni rwakatuma shoko ku-
musidhari wakanga uri muRebhanoni, rokuti, ‘Ipa mwanasikana wako
kumwanakomana wangu kuti ave mukadzi wake.’ Ipapo imwe mhuka
yomusango yaiva muRebhanoni yakauya ikatsika-tsika rukato rwuya
pasi petsoka dzayo. 19 Unozviti wakakunda vaEdhomu uye zvino wava

* **25:6** 25:6 matani angaita 3.4 uyewo nomundima 9

namanyawi nokuzvikudza. Zvino gara kumba kwako! Seiko uchikumbira
matambudziko uye uchizviwisira pasi iwe neJudhawo?”
20 Kunyange zvakadaro, Amazia haana kuteerera, nokuti Mwari akaita
izvozvo kuti avaise kuna Jehoashi nokuti vakanga vatsvaka vamwari
veEdhomu. 21 Saka Jehoashi mambo weIsraeri akavarwisa. Iye naA-
mazia vakatarisana paBheti Shemeshi muJudha. 22 Judha yakakundwa
neIsraeri uye munhu wose akatizira kumba kwake. 23 Jehoashi mambo
weIsraeri akatapa Amazia mambo weJudha, mwanakomana waJoashi,
mwanakomana waAhazia paBheti Shemeshi. Ipapo Jehoashi akauya naye
kuJerusarema akaputsa rusvingo rweJerusarema kubva paSuo raEfuremu
kusvika paSuo Rapakona, nzvimbo yakareba makubhiti mazana mana†.
24 Akatora goridhe nesirivha yose nemidziyo yose yakawanikwa mutem-
beri yaMwari zvaichengetwa naObhedhi-Edhomu, pamwe chete nepfuma
yose yaiva mumuzinda navanhu vorubatso, uye vakadzokera kuSamaria.
25 Amazia mwanakomana waJoashi mambo weJudha akararama kwa-
makore gumi namashanu mushure mokunge Jehoashi mwanakomana
waJehoahazi mambo weIsraeri afa. 26 Zvimwe zvose zvakaitwa naAmazia
mukutonga kwake kubva pakutonga kusvikira pakupedzisira hazvina
kunyorwa here mubhuku ramadzimambo eJudha neIsraeri? 27 Kubva pan-
guva yakatsauka Amazia kubva mukutevera Jehovha, vakamupandukira
muJerusarema uye iye akatizira kuRakishi vakandomuurayira ikoko.
28 Akandotorwa namabhiza akazovigwa pamwe chete namadzibaba ake
muGuta reJudha.

# 26

*Uzia Mambo weJudha*

1 Ipapo vanhu vose veJudha vakatora Uzia akanga ane makore gumi na-
matanhatu, vakamuita mambo panzvimbo yababa vake Amazia. 2 Ndiye
akazovakazve Erati akaridzorera kuJudha mushure mokunge Amazia
azorora namadzibaba ake.
3 Uzia aiva namakore gumi namatanhatu paakava mambo uye akatonga
muJerusarema kwamakore makumi mashanu namaviri. Mai vake vainzi
Jekoria uye vaibva kuJerusarema. 4 Akaita zvakanaka pamberi paJehovha
sezvakanga zvaitwa nababa vake Amazia. 5 Akatsvaka Mwari pamazuva
aZekaria, uyo aimurayira mukutya Mwari. Pose paaitsvaka Jehovha,
Mwari akaita kuti abudirire.
6 Akandorwisa vaFiristia akaputsa masvingo eGati, Jabhine neAshid-
hodhi. Akavakazve maguta aiva pedyo neAshidhodhi nokumwewo pakati
pavaFiristia. 7 Mwari akamubatsira mukurwisa vaFiristia navaArabhu
vaigara muGuri Bhaari uye paakarwa navaMeuni. 8 VaAmoni vakavigira
Uzia mitero, uye mbiri yake yakandosvika kumucheto kweIjipiti nokuti
akanga asimba kwazvo.
9 Uzia akavaka shongwe muJerusarema paSuo Repakona, paSuo
Rokumupata, napakona yorusvingo, akadzisimbisa. 10 Akavakazve
shongwe murenje uye akachera matsime mazhinji, nokuti akanga ane
zvipfuwo zvakawanda mujinga mezvikomo nomumapani. Aiva navanhu
vaishanda muminda yake nomuminda yemizambiringa mumakomo no-
munyika yakaorera, nokuti aida ivhu kwazvo.
11 Uzia aiva navarwi vakadzidzira kwazvo kurwa, vakanga vaka-
gadzirira kubuda vari mumapoka avo maererano nouwandu hwavo

† **25:23** 25:23 mamita angaita 180

sokuunganidzwa kwavakanga vaitwa naJeyeri munyori naMaaseya jinda
rakanga riri pasi paHanania mumwe wavakuru pamuzinda wamambo.
12 Uwandu hwavatungamiri vemhuri vaiva pamusoro pavarwi hwaisvika
zviuru zviviri namazana matanhatu. 13 Pasi pavo paiva nehondo yaiva
navarume zviuru mazana matatu nezvinomwe namazana mashanu,
vakadzidziswa kurwa, hondo yakanga yakasimba kwazvo kuti itsigire
mambo pakurwisana navavengi vake. 14 Uzia akavapa nhoo, map-
fumo nguwani, nenguo dzamatare, uye uta namabwe okupfura nawo.
15 MuJerusarema akagadzira michina yakagadzirwa navarume vane
umhizha kuti ishandiswe pamusoro peshongwe napamakona pakukanda
miseve nokukanda matombo makuru. Mbiri yake yakapararira kun-
zvimbo dziri kure, nokuti akabatsirwa zvikuru kusvikira ava nesimba.

16 Asi Uzia paakava nesimba, kuzvikudza kwake kwakamutungamirira
mukuwa kwake. Haana kutendeka kuna Jehovha Mwari wake,
uye akapinda mutemberi yaJehovha kundopisira zvinonhuhwira paar-
itari yezvinonhuhwira. 17 Azaria muprista navamwe vaprista va-
Jehovha makumi masere vakanga vasingatyi vakamutevera mukati.
18 Vakamutongesa vakati, "Hazvina kufanira kwamuri imi, Uzia, kuti
mupisire zvinonhuhwira kuna Jehovha. Izvozvo ndezvavaprista, vanako-
mana vaAroni, vakatsaurirwa kuti vapise zvinonhuhwira. Budai mun-
zvimbo tsvene, nokuti hamuna kutendeka, uye hamungazokudzwa naJe-
hovha Mwari."

19 Uzia uyo akanga aine mbiya yokupisira zvinonhuhwira mu-
ruoko rwake, akatsamwa kwazvo. Paakanga achakatsamwira vaprista
pamberi pavo, pamberi pearitari yezvinonhuhwira mutemberi yaJe-
hovha, maperembudzi akamera pahuma yake. 20 Azaria mukuru
wavaprista, navaprista vose pavakatarisa kwaari, vakaona kuti akanga
ava namaperembudzi pahuma yake, saka vakakurumidza kumuburit-
samo. Zvirokwazvo iyewo pachake akanga ava kuda kubuda nokuti
Jehovha akanga amurova nechirwere.

21 Mambo Uzia akava namaperembudzi kusvikira musi waakafa. Aigara
muimba yake oga asingabvumirwi kupinda mutemberi yaJehovha. Jo-
tamu mwanakomana wake ndiye aitonga mumuzinda uye nokutonga
vanhu venyika.

22 Zvimwe zvakaitwa mukutonga kwaUzia kubva pakutanga kusvika
pakupedzisira zvakanyorwa nomuprofita Isaya mwanakomana waAmozi.
23 Uzia akazorora namadzibaba ake akavigwa pedyo navo mumunda we-
makuva waiva wamadzimambo, nokuti vanhu vakati, "Aiva namaperem-
budzi." Jotamu mwanakomana wake akamutevera paumambo.

# 27

### *Jotamu Mambo weJudha*

1 Jotamu aiva namakore makumi maviri namashanu paakava mambo,
uye akatonga muJerusarema kwamakore gumi namatanhatu. Amai vake
vainzi Jerusha mwanasikana waZadhoki. 2 Akaita zvakanaka pamberi
paJehovha sezvakanga zvaitwa nababa vake Uzia, asi iye haana kuzopinda
zvake mutemberi yaJehovha. Kunyange zvakadaro, vanhu vakaramba
vachiita zvakaipa zvavo. 3 Jotamu akavakazve Suo Rokumusoro retemberi
yaJehovha akaita basa guru kwazvo parusvingo rwapagomo raOferi.
4 Akavaka maguta muzvikomo zveJudhea, nenhare neshongwe muma-
tondo.

5 Jotamu akarwa namambo wavaAmoni akavakunda. Mugore iroro
vaAmoni vakamuripa matarenda zana* esirivha, nezviyero zvegorosi
zviuru gumi†, nezviyero zvebhari zviuru gumi. VaAmoni vakauyisa
zvimwe chetezvo mugore rechipiri nerechitatu.
6 Jotamu akava nesimba kwazvo nokuti aifamba akatendeka pamberi
paJehovha Mwari wake.
7 Zvimwe zvakaitwa mukutonga kwaJotamu pamwe chete nehondo
dzake dzose dzaakarwa nezvimwe zvinhu zvaakaita, zvakanyorwa mub-
huku ramadzimambo eIsraeri neeJudha. 8 Aiva namakore makumi maviri
namashanu paakava mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore
gumi namatanhatu. 9 Jotamu akazorora namadzibaba ake akavigwa
muGuta raDhavhidhi. Uye Ahazi mwanakomana wake akamutevera
paumambo.

# 28

*Ahazi Mambo weJudha*

1 Ahazi aiva namakore makumi maviri paakava mambo, uye aka-
tonga muJerusarema kwamakore gumi namatanhatu. Haana kufanana
naDhavhidhi baba vake, haana kuita zvakanaka pamberi paJehovha.
2 Akafamba nomunzira dzamadzimambo eIsraeri akagadzirawo zvi-
fananidzo zvokunamatisa vaBhaari. 3 Akapisa zvipiriso zvinopiswa
mumupata weBheni Hinomi akabayira vanakomana vake mumoto,
achitevedzera nzira dzinonyangadza dzendudzi dzakanga dzadzingwa
naJehovha pamberi pavaIsraeri. 4 Akapa zvibayiro uye akapisira zvinon-
huhwira panzvimbo dzakakwirira, pamusoro pezvikomo napasi pomuti
wose wakapfumvutira.
5 Naizvozvo Jehovha Mwari wake akamuisa mumaoko amambo weAr-
amu. VaAramu vakamukunda uye vakatora vanhu vake vazhinji sen-
hapwa vakauya navo kuDhamasiko.
Akaiswawo mumaoko amambo weIsraeri uyo akauraya vanhu vazhinji
kwazvo. 6 Pazuva rimwe chete, Peka mwanakomana waRemaria akauraya
varwi zviuru zana namakumi maviri muJudha, nokuti Judha yakanga
yarasa Jehovha, Mwari wamadzibaba avo. 7 Zikiri murwi wokuE-
furemu, akauraya Maaseya mwanakomana wamambo, Azirikami mutariri
mukuru womuzinda naErikana, mutevedzeri wamambo. 8 VaIsraeri
vakatapa kubva kuhama dzavo vakadzi navanakomana navanasikana zvi-
uru mazana maviri. Vakapambawo zvinhu zvakawanda, zvavakatakura
vakadzokera nazvo kuSamaria.
9 Asi muprofita waJehovha ainzi Odhedhi akanga aripo, uye akabuda
kundosangana nehondo payakadzoka kubva kuSamaria. Akati kwavari,
"Nokuti Jehovha, Mwari wamadzibaba enyu akanga atsamwira Judha,
akavaisa muruoko rwenyu. Asi mavauraya nehasha dzinosvika kudenga.
10 Uye zvino mava kuda kuita varume navakadzi veJudha neJerusarema
nhapwa dzenyu. Asi imiwo hamuna here mhosva dzezvivi zvamakaitira
Jehovha Mwari wenyu? 11 Zvino chiteererai kwandiri! Dzorerai kwakare
hama dzenyu dzamatora savasungwa, nokuti kutsamwa kwaMwari kuno-
tyisa kuri pamusoro penyu."
12 Ipapo vamwe vatungamiri vemuEfuremu vaiti Azaria, mwanako-
mana waJehohanani, Bherekia mwanakomana waMeshiremoti, Jehizikia

* **27:5** 27:5 matani angaita 3.4 † **27:5** 27:5 makirorita angaita 2,200

mwanakomana waSharumi naAmasa mwanakomana waHadhirai, vakan-
dotongesa avo vakanga vachisvika vachibva kuhondo. 13 Vakati, "Hamu-
faniri kuuyisa vasungwa ivavo kuno kuti tirege kuva nemhosva pamberi
paJehovha. Munoda kuwedzera here pamusoro pechivi chedu nemhosva
yedu? Nokuti mhosva yedu yatokura kare, uye kutsamwa kwake
kunotyisa kwava pamusoro peIsraeri."

14 Saka varwi vakasiya vasungwa nezvose zvavakanga vapamba pam-
beri pavakuru neungano yose. 15 Varume varehwa namazita avo vakatora
vasungwa uye kubva pane zvavakanga vapamba vakapfekedza vakanga
vakashama. Vakavapa nguo neshangu, zvokudya nezvokunwa, uye
namafuta okuporesa. Avo vose vakanga vasina simba vakavakwidza
pambongoro. Saizvozvo vakavadzorera kunyika yavo kuJeriko, muGuta
reMichindwe uye vakadzokera kuSamaria.

16 Panguva iyoyo mambo Ahazi akatsvaka rubatsiro kubva kuna
mambo weAsiria. 17 VaEdhomu vakanga vauyazve vakarwisa Judha uye
vakaenda navasungwa. 18 Panguva imwe cheteyo vaFiristia vakanga
vapamba maguta omujinga mezvikomo nomuNegevhi yeJudha. Vakatora
uye vakagara muBheti Shemeshi, Aijaroni neGedheroti pamwe chete
neSoko, Timina neGimizo nemisha yawo yose yakaapoteredza. 19 Jehovha
akaninipisa Judha nokuda kwaAhazi mambo weIsraeri, nokuti akanga
akurudzira zvakaipa muJudha uye akanga anyanya kusatendeka kuna
Jehovha. 20 Tigirati-Pireseri mambo weAsiria akauya kwaari, asi akamupa
matambudziko pano kuti amubatsire. 21 Ahazi akatora zvimwe zvezvinhu
zvaiva mutemberi yaJehovha, uye kubva mumuzinda wamambo noku-
machinda amambo, akazvipa kuna mambo weAsiria, asi izvi hazvina
kumubatsira.

22 Munguva yake yokutambudzika mambo Ahazi akatonyanya kusa-
tendeka kuna Jehovha. 23 Akapa zvibayiro kuna vamwari veDhamasiko
vakanga vamukunda; nokuti akafunga akati, "Sezvo vamwari vemadz-
imambo eAramu vakavabatsira ini ndichapa zvibayiro kwavari kuti
vangondibatsira." Asi ndivo vakava kuwa kwake nokweIsraeri yose.

24 Ahazi akaunganidza midziyo yose yomutemberi akaitakura akaenda
nayo. Akapfiga masuo etemberi yaJehovha akagadzira aritari pamakona
ose emigwagwa yeJerusarema. 25 Muguta rimwe nerimwe reJudha
akavaka nzvimbo dzakakwirira kuti agopisira zvipiriso kuna vamwe
vamwari uye zvikamutsa kutsamwa kwaJehovha, Mwari wamadzibaba
ake.

26 Zvimwe zvaakaita pamazuva okutonga kwake nenzira dzake dzose
kubva pakutanga kusvikira pakupedzisira zvakanyorwa mubhuku ra-
madzimambo eJudha neIsraeri. 27 Ahazi akazorora namadzibaba ake
akavigwa muguta reJerusarema, asi haana kuradzikwa mumakuva
amadzimambo eIsraeri. Uye Hezekia mwanakomana wake akamutevera
paumambo.

# 29

*Hezekia anonatsa Temberi*

1 Hezekia aiva namakore makumi maviri namashanu paakava mambo,
akatonga muJerusarema kwamakore makumi maviri namapfumbamwe.
Zita ramai vake rainzi Abhija mwanasikana waZekaria. 2 Akaita
zvakanaka pamberi paJehovha, sezvakanga zvangoitwa naDhavhidhi
baba vake.

3 Mumwedzi wokutanga wegore rokutanga kutonga kwake akazarura
masuo etemberi akaagadziridza. 4 Akauyisa vaprista navaRevhi akavaun-
ganidza muchivara chokudivi rokumabvazuva. 5 Uye akati, "Teererai
kwandiri, vaRevhi! Zvinatsei zvino uye munatse temberi yaJehovha,
Mwari wamadzibaba enyu. Mubvise kusvibiswa kwose munzvimbo
tsvene. 6 Madzibaba edu akanga asina kutendeka; vakaita zvakaipa
pamberi paJehovha Mwari uye vakamusiya. Vakabvisa zviso zvavo
panzvimbo inogara Jehovha, vakamufuratira. 7 Vakapfigawo mikova
yebiravira uye vakadzima mwenje. Havana kupisira zvinonhuhwira
kana kupa zvipiriso zvinopiswa panzvimbo tsvene kuna Mwari waIsraeri.
8 Naizvozvo, kutsamwa kwaJehovha kwakawira pamusoro peJudha ne-
Jerusarema, akavaita chinhu chinotyisa, chinovhundutsa nechinosekwa,
sezvamunoona nameso enyu chaiwo. 9 Ndokusaka madzibaba edu
akaurayiwa nomunondo uye vanakomana navanasikana vedu navakadzi
vedu vava muutapwa. 10 Zvino ndinoda kuita mhiko naJehovha,
Mwari waIsraeri; kuitira kuti kutsamwa kwake kunotyisa kubve kwatiri.
11 Vanakomana vangu, musava vanhu vasina hanya zvino, nokuti Jehovha
akakusarudzai kuti mumire pamberi pake, uye mumushandire, kuti
mushumire pamberi pake uye mupise zvinonhuhwira."

12 Ipapo vaRevhi ava vakasimuka vakashanda:

kubva kuvaKohati,
Mahati mwanakomana waAmasai naJoere mwanakomana waAzaria;
kubva kuvaMerari,
Kishi mwanakomana waAbhidhi naAzaria mwanakomana waJehar-
ereri;
kubva kuvaGerishoni,
Joa mwanakomana waZima naEdheni mwanakomana waJoa;
13 kubva kuzvizvarwa zvaErizafani,
Shimiri naJeyeri;
kubva kuzvizvarwa zvaAsafi,
Zekaria naMatania;
14 kubva kuzvizvarwa zvaHemani,
Jehieri naShimei;
kubva kuzvizvarwa zvaJedhutuni,
Shemaya naUzieri.

15 Pavakaunganidza hama dzavo vakazvinatsa, vakapinda mukati kuti
vachenese temberi yaJehovha sokurayira kwakanga kwaitwa namambo,
vachitevera shoko raJehovha. 16 Vaprista vakaenda munzvimbo tsvene
yaJehovha kuti vandoichenesa. Vakabudisa kuchivanze chetemberi
yaJehovha zvose zvakanga zvisina kuchena zvavakaona mutemberi ya-
Jehovha. VaRevhi vakazvitora vakaenda nazvo kuMupata weKidhironi.
17 Vakatanga kunatsa pazuva rokutanga romwedzi wokutanga uye pazuva
rorusere romwedzi vakasvika pabiravira raJehovha. Kwamamwezve
mazuva masere vakanatsa temberi yaJehovha pachayo, vakapedza nezuva
regumi namatanhatu romwedzi wokutanga.

18 Ipapo vakaenda kuna mambo Hezekia vakandomuzivisa kuti: "Tach-
enesa temberi yaJehovha yose, aritari yezvipiriso zvinopiswa nemidziyo
yayo yose, netafura yekuisira chingwa chakatsaurwa, nemidziyo yayo
yose. 19 Tagadzira uye tanatsa midziyo yose yakabviswa naMambo

Ahazi mukusatendeka kwake paakanga ari mambo. Zvino yava pamberi
pearitari yaJehovha."

20 Mangwanani ezuva raitevera Mambo Hezekia akaunganidza vakuru
veguta pamwe chete vakakwira kutemberi yaJehovha. 21 Vakauya
nehando nomwe, makondobwe manomwe, namakwai makono manomwe
nembudzi hono nomwe sechibayiro chezvivi choushe, chenzvimbo tsvene
necheJudha. Mambo akarayira vaprista, zvizvarwa zvaAroni kuti vapisire
zvibayiro izvi paaritari yaJehovha. 22 Saka vakauraya hando dziya, uye
vaprista vakatora ropa vakarisasa paaritari mushure mezvo vakauraya
makondobwe vakasasa ropa rawo paaritari; uye vakauraya makwayana
vakasasa ropa rawo paaritari. 23 Mbudzi dzechipiriso chechivi dzakauy-
iswa pamberi pamambo neungano, uye vakaisa maoko avo pamusoro
padzo. 24 Ipapo vaprista vakadziuraya vakaisa ropa radzo paaritari
sechipiriso chechivi kuti vayananisire Israeri yose, nokuti mambo akanga
arayira kuti kuitwe chipiriso chinopiswa nechipiriso chechivi zvichiitirwa
Israeri yose.

25 Akaisa vaRevhi mutemberi yaJehovha vane makandira, nemitenger-
anwa nembira sezvaakanga arayirwa naDhavhidhi naGadhi muoni wa-
mambo naNatani muprofita. Izvi ndizvo zvakarayirwa naJehovha
kubudikidza navaprofita vake. 26 Saka vaRevhi vakamira vakagadzirira
vaine zviridzwa zvaDhavhidhi uye vaprista vaine hwamanda dzavo.

27 Hezekia akarayira vanhu kuti vabayire chipiriso chinopiswa paaritari.
Chipiriso pachakatanga, kuimbira Jehovha kwakatangawo, kuchiteverwa
nehwamanda nezviridzwa zvaDhavhidhi mambo weIsraeri. 28 Ungano
yose yakakotama ichinamata, vaimbi pavaiimba uye varidzi vehwa-
manda vachiridza. Zvose izvi zvakaenderera mberi kusvikira chibayiro
chechipiriso chinopiswa chapera.

29 Pavakapedza kupa zvipiriso, mambo navose vaakanga anavo
vakapfugama pasi vakanamata. 30 Mambo Hezekia namachinda ake
vakarayira vaRevhi kuti varumbidze Jehovha namashoko aDhavhidhi
neaAsafi muoni. Saka vakaimba nziyo dzokurumbidza nomufaro uye
vakakotama vakanamata.

31 Ipapo Hezekia akati, "Imi iye zvino mazvikumikidza kuna Jehovha.
Uyai nezvipiriso zvokuvonga kutemberi yaJehovha." Saka ungano yose
yakauyisa zvipiriso nezvipo zvokuvonga, uye vose vaiva nemwoyo inoda
vakauyisa zvipiriso zvinopiswa.

32 Zvipiriso zvinopiswa zvakauyiswa neungano zvaiti hando makumi
manomwe, namakondobwe zana, namakwayana makono mazana maviri,
zvose izvi zvaiva zvokupisira kuna Jehovha. 33 Mhuka dzose dzakanga
dzatsaurwa sezvipiriso dzaisvika hando mazana matanhatu namakwai
nembudzi zviuru zvitatu. 34 Kunyange zvakadaro, vaprista vakanga vari
vashoma kwazvo kuti vakwanise kuvhiya zvipiriso zvose izvi; saka hama
dzavo vaRevhi vakavabatsira kusvikira basa iri rapera uye kusvikira
vamwe vaprista vatsaurwa nokuti vaRevhi vakanga vakangwarira kwazvo
kuzvigadza kupfuura zvaiita vaprista. 35 Paiva nezvipiriso zvinopiswa
zvakawanda kwazvo, pamwe chete namafuta ezvipiriso zvokuyanana,
nezvipiriso zvokunwa zvaipiwa pamwe chete nezvipiriso zvinopiswa.

Saka temberi yaJehovha yakatanga kushanda zvakare. 36 Hezekia
navanhu vose vakapemberera zvakanga zvauyiswa naMwari kuvanhu
vake nokuti zvakanga zvaitwa nokukurumbidza.

# 30

*Hezekia anopemberera Pasika*

1 Hezekia akatuma shoko kuIsraeri yose neJudha yose akanyorera
tsamba Efuremu neManase achivakoka kuti vauye kutemberi yaJehovha
muJerusarema uye vazopemberera Pasika kuna Jehovha, Mwari weIs-
raeri. 2 Mambo namakurukota ake neungano yose muJerusarema
vakasarudza kupemberera Pasika mumwedzi wechipiri. 3 Vakanga
vasina kukwanisa kutamba mutambo uyu panguva yaunositambwa
nokuti vaprista vakanga vazvinatsa vakanga vari vashoma uye vanhu
vakanga vasina kuungana muJerusarema. 4 Zano iri rakaita serakanaka
kuna Mambo nokuungano yose. 5 Vakasarudza kutuma shoko kuIsraeri
yose kubva Bheerishebha kusvika kuDhani, vachidaidza vanhu kuti
vauye kuJerusarema vazopemberera Jehovha Mwari weIsraeri mutambo
wePasika. Haina kunge yambopembererwa navanhu vazhinji sezvakanga
zvakanyorwa.

6 Sokurayira kwamambo, vanhu vakaenda muJudha neIsraeri netsamba
dzaibva kuna Mambo nokumakurukota ake dzaiti:

"Vanhu veIsraeri, dzokerai kuna Jehovha Mwari waAbhurahama,
Isaka naIsraeri kuti adzokere kwamuri imi masara, imi makapun-
yuka kubva muruoko rwamadzimambo eAsiria. 7 Musaita samadz-
ibaba enyu nehama dzenyu vakanga vasina kutendeka kuna Jehovha,
Mwari wamadzibaba avo, zvokuti akavaita chakatukwa sezvamunoona.
8 Musaomesa mitsipa sezvakaita madzibaba enyu. Zviisei pasi paJe-
hovha. Uyai kunzvimbo tsvene yaakatsaura nokusingaperi. Shandirai
Jehovha Mwari wenyu, kuti hasha dzake dzinotyisa dzibve kwamuri.
9 Kana mukadzokera kuna Jehovha, ipapo hama dzenyu navana venyu
vachanzwirwa tsitsi nevakavatapa uye vachadzoka kunyika ino, nokuti
Jehovha Mwari wenyu ane nyasha netsitsi. Haangavanzi chiso chake
kwamuri kana mukadzokazve kwaari."

10 Vakatumwa vakaenda kuguta neguta muEfuremu neManase,
kusvikira kuZebhuruni, asi vanhu vakavashora uye vakavaseka.
11 Kunyange zvakadaro, vamwe varume veAsheri, Manase neZebhuruni
vakazvininipisa vakaenda kuJerusarema. 12 Uye muJudha ruoko
rwaMwari rwakanga rwuri pavanhu kuti ruvape kubatana kwepfungwa
kuti vaite zvakanga zvarayirwa namambo namachinda ake vachitevera
shoko raJehovha.

13 Vanhu vazhinji zhinji vakaungana muJerusarema kuti vazopem-
berera Mutambo weChingwa Chisina Mbiriso mumwedzi wechipiri.
14 Vakabvisa aritari muJerusarema vakaparadza aritari dzezvinonhuhwira
vakadzikanda muMupata weKidhironi.

15 Vakauraya gwayana rechibayiro chePasika pazuva regumi neina
romwedzi wechipiri. Vaprista navaRevhi vakanyara kwazvo vakazvinatsa
vakauyisa zvipiriso zvinopiswa kutemberi yaJehovha. 16 Ipapo vaka-
tora nzvimbo dzavo sezvazvakanyorwa muMurayiro waMozisi munhu
waMwari. Vaprista vakasasa ropa ravakapiwa navaRevhi. 17 Sezvo
vazhinji muungano vakanga vasina kuzvinatsa, vaRevhi vakauraya
makwayana ePasika vachiitira vose vakanga vasina kucheneswa uye
vasingakwanisi kunatsa makwayana avo kuna Jehovha. 18 Kunyange
vazhinji, pakati pavanhu ava vakabva kuEfuremu, Manase, Isakari
neZebhuruni vakanga vasina kuzvichenesa, vakadya Pasika, zvichipik-
isana nezvakanga zvakanyorwa. Asi Hezekia akavanyengeterera achiti,

“Jehovha, iye akanaka, ngaaregerere hake munhu wose [19] anoisa mwoyo
wake mukutsvaka Mwari, Jehovha Mwari wamadzibaba ake kunyange
zvake asina kucheneswa kana tichitevedza mitemo yapanzvimbo tsvene.”
[20] Uye Jehovha akanzwa Hezekia akaporesa vanhu.

[21] VaIsraeri vaiva muJerusarema vakatamba Mutambo weChingwa
Chisina Mbiriso kwamazuva manomwe nokufara kukuru, vaRevhi
navaprista vachiimbira Jehovha zuva nezuva, pamwe chete nezviridzwa
zvaJehovha zvokurumbidza.

[22] Hezekia akataura achikurudzira kwazvo vaRevhi vose, avo
vakaratidza kunzwisisa kwakanaka kwebasa raJehovha. Kwamazuva
manomwe aya vakadya zvokudya zvavakanga vapiwa, vakapa zvipiriso
uye vakarumbidza Jehovha Mwari wamadzibaba avo.

[23] Ipapo ungano yose yakabvumirana kutamba mutambo uyu kwa-
mamwe mazuva manomwe; saka kwamamwe mazuva manomwe
vakapemberera vachifara. [24] Hezekia mambo weJudha akapa hando
chiuru namakwai nembudzi zviuru zvinomwe kuungano uye machinda
ake akapa hando chiuru namakwai nembudzi zviuru gumi. Vaprista
vazhinji vakazvinatsa. [25] Ungano yose yeJudha yakafara kwazvo, pamwe
chete navaprista navaRevhi uye vose vakanga vaungana kubva kuIsraeri
pamwe chete navatorwa vakanga vabva kuIsraeri naavo vaigara muJudha.
[26] Kwakava nomufaro mukuru kwazvo muJerusarema, nokuti kubva
pamazuva aSoromoni mwanakomana waDhavhidhi mambo weIsraeri
kwakanga kusina kumboitika zvakaita sezvizvi muJerusarema. [27] Vaprista
navaRevhi vakamira kuti varopafadze vanhu, Mwari akavanzwa, nokuti
munyengetero wavo wakasvika kudenga, nzvimbo yake tsvene yokugara.

# 31

[1] Izvi zvose pazvakapera, vaIsraeri vakanga varipo vakabuda vakaenda
kumaguta eJudha vakaputsa matombo ose anoera uye vakatema matanda
aAshera. Vakaparadza nzvimbo dzakakwirira nearitari muJudha yose
neBhenjamini nomuEfuremu neManase. Vapedza kuparadza zvose vaIs-
raeri vakadzokera kumaguta avo nokuzvinhu zvavo.

### *Vashumiri vanogoverwa mabasa*

[2] Hezekia akaisa vaprista navaRevhi mumapoka avo mumwe nomumwe
wavo mumabasa avo savaprista kana kuti vaRevhi kuti vape zvipiriso
zvinopiswa nezvipo zvokuyananisa kuti vashumire, kuti varonge uye kuti
vaimbe nziyo dzokurumbidza pamasuo enzvimbo yaJehovha yokugara.
[3] Mambo akapawo kubva mupfuma yake zvipiriso zvinoitwa mangwanani
nemadekwana, nezvipiriso zvinopiswa zvamaSabata, zvoKugara kwoM-
wedzi napane mimwe mitambo yakatarwa sezvazvakanyorwa muMu-
rayiro waJehovha. [4] Akarayira vanhu vaigara muJerusarema kuti vape
zvakakodzera kupiwa vaprista navaRevhi kuti ivo vazvipire kuMurayiro
waJehovha. [5] Shoko parakangoenda, vaIsraeri vakapa zvakawanda
zvibereko zvokutanga zvezvirimwa zvavo, waini itsva, mafuta nouchi
nezvose zvakabuda muminda yavo. Vakauyisa zvakawanda, chegumi
chezvose. [6] Varume veIsraeri neJudha vaigara mumaguta eJudha vakauy-
isa chegumi chamatanga avo nechegumi chezvinhu zvitsvene zvakaku-
mikidzwa kuna Jehovha Mwari wavo, uye vakazviisa mumatutu matatu.
[7] Vakatanga kuita izvi mumwedzi wechitatu vakazopedza mumwedzi
wechinomwe. [8] Hezekia namakurukota ake pavakauya vakaona matutu
ezvinhu, vakarumbidza Jehovha uye vakaropafadza vanhu vake Israeri.

9 Hezekia akabvunza vaprista navaRevhi nezvamatutu aya. 10 Azaria
muprista mukuru kubva kuimba yaZadhoki akapindura achiti,
"Kubva zvakatanga vanhu kuuyisa zvipo zvavo kutemberi yaJehovha,
takawana zvokudya zvakatiringana, nezvizhinji zvaisara, nokuti Jehovha
akaropafadza vanhu vake, uye izvi zvizhinji ndizvo zvakasara."
11 Hezekia akarayira kuti kugadzirwe matura okuchengetera zvinhu
mutemberi yaJehovha, izvi zvikaitwa. 12 Ipapo vakauyisa zvipo zvavo
vakatendeka, nezvegumi nezvipo zvakakumikidzwa. Konania muRevhi
ndiye aiva mutariri wezvinhu izvi uye munun'una wake Shimei ndiye
aimutevera. 13 Jehieri, Azazia, Nahati, Asaheri, Jerimoti, Jozabhadhi,
Erieri, Isimakia, Mahati, naBhenaya vaiva vatariri vari pasi paKonania
naShimei munun'una wake, sokupiwa basa kwavakaitwa naMambo
Hezekia naAzaria muchinda aiona nezvetemberi yaMwari.
14 Kore mwanakomana waImina muRevhi, muchengeti weSuo rokum-
abvazuva, ndiye aichengeta zvipo zvokupa nokuzvisarudzira kuna Mwari
achizogovera zvipo zvaipiwa kuna Jehovha pamwe chete nezvipo zvakat-
saurwa. 15 Edheni, Miniamini, Jeshua, Shemaya, Amaria naShekania
vakamubatsira vakatendeka mumaguta avaprista, vachigovera vamwe
vaprista mumapoka avo, vakuru navadiki zvakafanana.
16 Pamusoro pezvo vakagovera kuvanhurume vaiva namakore matatu
zvichikwira avo vaiva namazita avo akanyorwa mumagwaro enhoroondo,
vose avo vaizopinda mutemberi yaJehovha kuti vaite mabasa ezuva
nezuva akasiyana-siyana, zvichienderana nezvavakatarirwa kuti vaite uye
namapoka avo. 17 Uye vakagovera kuvaprista sokunyorwa kwazvakaitwa
munhoroondo yavo mumhuri dzavo, uye saizvozvowo kuvaRevhi, vaiva
namakore makumi maviri zvichikwira zvichienderana namabasa avo
namapoka avo. 18 Vaisanganiswa vadiki vose, vakadzi, navanakomana
navanasikana venzvimbo yose vakanyorwa munhoroondo nokuti vakanga
vakatendeka pakuzvinatsa.
19 Kuvaprista, zvizvarwa zvaAroni vaigara mumaruwa akanga
akakomberedza maguta avo kana mune mamwe maguta, varume
vakapiwa mabasa namazita avo kuti vape migove kuno murume
mumwe nomumwe aiva pakati pavo nokuna vose vakanga vakanyorwa
mumabhuku enhoroondo dzavaRevhi.
20 Izvi ndizvo zvakaitwa naHezekia muJudha yose achiita zvakanga
zvakanaka uye zvakarurama uye zvakatendeka pamberi paJehovha
Mwari wake. 21 Mune zvose zvaakaita mukushandira temberi yaMwari
uye mukutevera murayiro nezvakarayirwa, akatsvaka Mwari wake
akashanda nomwoyo wose. Saka akabudirira.

# 32

*Senakeribhi anovhundutsira Jerusarema*

1 Mushure mezvose zvakaitwa naHezekia nokutendeka kwakadai,
Senakeribhi mambo weAsiria akauya akapamba Judha. Akakomba
maguta aiva namasvingo achifunga kuapamba kuti ave ake. 2 Hezekia
paakaona kuti Senakeribhi akanga auya uye kuti aida kurwisa Jerusarema,
3 akabvunza machinda ake navatungamiri vehondo nezvekuvharwa
kwemvura yaibva muzvitubu zvaiva kunze kweguta uye vakamubatsira.
4 Hondo huru kwazvo yakaungana, vakavhara zvitubu zvose norukova
rwaiyerera ruchipfuura nomunyika iyi. Vakati, "Ko, madzimambo eAsiria
angauyirei achizowana mvura zhinji." 5 Ipapo akashanda nesimba aka-
gadziridza zvikamu zvose zvorusvingo zvakanga zvakoromoka akavaka

shongwe parwizi. Akavakazve rumwe rusvingo kunze kwerwakanga rwuripo akasimbisa Miro yaitsigira guta raDhavhidhi. Akagadzirawo zvombo zvakawanda nenhoo.

6 Akagadza vakuru vehondo pamusoro pavanhu akavaunganidza pamberi pake pachivara chepasuo reguta akavakurudzira namashoko aya:
7 "Simbai mutsunge mwoyo. Musatya kana kuora mwoyo nokuda kwamambo weAsiria nehondo huru yaanayo, nokuti kune simba guru
kwatiri kupinda raanaro. 8 Iye ane ruoko rwenyama chete, asi isu tina
Jehovha Mwari wedu kuti atibatsire uye anotirwira hondo dzedu." Vanhu vakawana kusimbisiswa nokushinga kubva pane zvakanga zvataurwa naHezekia mambo weJudha.

9 Shure kwaizvozvo, Senakeribhi mambo weAsiria nehondo yake pavakanga vakakomba guta reRakishi, akatumira vakuru vehondo yake kuJerusarema neshoko iri kuna Hezekia mambo weJudha nokuvanhu vose veJudha vaivako achiti:

10 "Zvanzi naSenakeribhi mambo weAsiria: Munozvisimbisa neiko,
kuti mungaramba muri muJerusarema rakakombwa? 11 Hezekia
paanoti, 'Jehovha Mwari wedu achatinunura kubva muruoko rwamambo weAsiria,' ari kukureverai nhema kuti mufe nenzara nenyota.
12 Hezekia haana here kubvisa nzvimbo dzakakwirira dzamwari iyeyu nearitari achiti kuJudha neJerusarema, 'Munofanira kunamata pamberi pearitari imwe chete uye munofanira kubayira zvipiriso pairi'?

13 "Hamuzivi here zvandakaita namadzibaba angu kuvanhu vedzimwe nyika? Vamwari venyika idzodzo vakagona here kununura
nyika yavo kubva muruoko rwangu? 14 Ndoupi mwari wenyika dzose dzakaparadzwa namadzibaba angu akagona kuponesa vanhu vake kubva kwandiri? Zvino mwari wenyu angagona sei kukununurai kubva
muruoko rwangu? 15 Zvino musatendera Hezekia kuti akureverei
nhema uye akutsausei zvakadai. Musamutende, nokuti hakuna mwari worudzi rupi kana umambo hupi zvahwo akagona kurwira vanhu vake kubva muruoko rwangu kana ruoko rwamadzibaba angu. Mwari wenyu achakundikana zvakadii kukurwirai kubva muruoko rwangu!"

16 Makurukota aSenakeribhi akataurazve zvimwe zvakawanda achishora Jehovha Mwari uye achipikisana naHezekia muranda wake.
17 Mambo akanyorazve tsamba achituka Jehovha, Mwari weIsraeri achitaura izvi pamusoro pake: "Sokukundikana kwavamwari vedzimwe nzvimbo kununura vanhu vake kubva muruoko rwangu, saizvozvo mwari waHezekia achakundikana kununura vanhu vake kubva muruoko
rwangu." 18 Ipapo vakadaidzira muchiHebheru kuvanhu veJerusarema vakanga vari parusvingo, vachivatyisidzira vachivaita kuti vatye kuti
ivo vagopamba guta. 19 Vakataura pamusoro paMwari weJerusarema zvavaiita pamusoro pavamwe vamwari namamwe marudzi enyika, mabasa amaoko avanhu.

20 Mambo Hezekia nomuprofita Isaya mwanakomana waAmozi
vakachema mumunyengetero kudenga pamusoro penyaya iyi. 21 Uye
Jehovha akatuma mutumwa akaparadza varwi vose navatungamiri navakuru pamisasa yamambo weAsiria. Saka akadzokera kunyika yake achinyara kwazvo uye paakapinda mutemberi yamwari wake vamwe vavanakomana vake vakamuuraya neminondo.

22 Saka Jehovha akanunura Hezekia navanhu veJerusarema kubva muruoko rwaSenakeribhi mambo weAsiria uye kubva muruoko rwavamwe
vose. Akavachengeta kumativi ose. 23 Vazhinji vakavigira Jehovha zvipo

kuJerusarema nezvipo zvinokosha kuna Hezekia mambo weJudha. Kubva ipapa akatanga kuremekedzwa zvikuru nendudzi dzose.

### *Kufa kwaHezekia*

24 Pamazuva iwayo Hezekia akarwara akasvika pakuda kufa. Akanyengetera kuna Jehovha iye akamupindura akamupa chiratidzo chechishamiso.
25 Asi mwoyo waHezekia wakazvikudza uye haana kugamuchira tsitsi dzaakanga aratidzwa. Saka hasha dzaJehovha dzakava pamusoro pake napamusoro peJudha neJerusarema.
26 Ipapo Hezekia akatendeuka kubva mukuzvikudza kwomwoyo wake, sezvakaitawo vanhu veJerusarema, naizvozvo hasha dzaMwari hadzina kuuya kwavari pamazuva aHezekia.
27 Hezekia akanga ane pfuma yakawanda kwazvo uye nokukudzwa, uye akavaka matura okuchengeta sirivha yake negoridhe namatombo anokosha, nezvinonhuhwira, nenhoo nezvimwe zvinokosha zvose.
28 Akavakawo matura okuchengetera zviyo zvaaikohwa, waini itsva, namafuta; uye akavaka matanga emombe dzamarudzi akasiyana-siyana namatanga amakwai.
29 Akavaka misha uye akatenga makwai nemombe zhinji nokuti Mwari akanga amupa pfuma yakawanda.
30 Hezekia ndiye akavhara mvura yaibuda muchitubu chepaGihoni ichiyerera nokumusoro akaivhurira kuti iende nezasi kumavirazuva kweGuta raDhavhidhi. Akabudirira mune zvose zvaiita.
31 Asi pakatumwa nhume navatongi veBhabhironi kuti vamubvunze pamusoro pechiratidzo chechishamiso chakanga chaitika munyika, Mwari akamusiya kuti amuedze uye kuti azive zvose zvaiva mumwoyo make.
32 Zvimwe zvakaitwa naHezekia panguva yokutonga kwake zvakanyorwa muchiratidzo chomuprofita Isaya mwanakomana waAmozi mubhuku ramadzimambo eJudha neIsraeri.
33 Hezekia akazorora namadzibaba ake akavigwa pachikomo pane makuva ezvizvarwa zvaDhavhidhi. Judha yose navanhu veJerusarema vakamuremekedza paakafa. Uye mwanakomana wake Manase akamutevera paumambo.

## 33

### *Manase Mambo weJudha*

1 Manase akanga ane makore gumi namaviri paakava mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore makumi mashanu namashanu.
2 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, achitevedzera zvinonyangadza pamberi paJehovha zvaiitwa nendudzi dzakadzingwa naJehovha pamberi pavaIsraeri.
3 Akavakazve nzvimbo dzakakwirira dzakanga dzaparadzwa nababa vake Hezekia. Akavaka aritari dzaBhaari uye akagadzira matanda aAshera. Akakotamira nyeredzi dzose dzokudenga akadzishumira.
4 Akavaka aritari mutemberi yaJehovha yakanga yanzi naJehovha, "Zita rangu richaramba riri muJerusarema nokusingaperi."
5 Muzvivanze zvose zvetemberi yaJehovha akavaka aritari dzenyeredzi dzose dzedenga.
6 Akabayira vanakomana vake mumoto mumupata weBheni Hinomi akaita zvamashura, mazango, nouroyi, akandobvunzira kumasvikiro, navavuki. Akaita zvakaipa zvizhinji pamberi paJehovha akamutsa hasha dzake.
7 Akatora chifananidzo chakavezwa chaakanga agadzira akachiisa mutemberi yaMwari, yakanga yanzi naMwari kuna Dhavhidhi nokumwanakomana wake Soromoni, "Mutemberi ino nomuJerusarema randakasarudza kubva mumarudzi ose eIsraeri, ndichaisa Zita rangu

nokusingaperi. 8 Handichatenderizve kuti tsoka dzavaIsraeri dzibude
munyika yandakavimbisa madzitateguru enyu. Kana chete vakachenjer-
era kuita zvose zvandakavarayira maererano nemirayiro yose, mitemo,
nezvandakatema zvakapiwa kubudikidza naMozisi." 9 Asi Manase
akatungamirira Judha navanhu veJerusarema mukurasika, zvokuti
vakaita zvakatonyanya kuipa kupfuura ndudzi dzose dzakanga dza-
paradzwa pamberi pavaIsraeri.

10 Jehovha akataura kuna Manase navanhu vake, asi ivo havana ku-
teerera. 11 Saka Jehovha akauyisa vatungamiri vehondo yavaAsiria kuzo-
varwisa vakatora Manase somusungwa, vakaisa chikokovonho mumhino
yake, vakamusunga nengetani dzendarira vakaenda naye kuBhabhironi.
12 Mukutambudzika kwake akatsvaka Jehovha Mwari wake akazvininipisa
kwazvo pamberi paMwari wamadzibaba ake. 13 Uye paakanyengetera
kwaari, Jehovha akasundwa nokuzvininipisa kwake akateerera kudemba
kwake. Saka akamudzosa kuJerusarema uye kuumambo hwake. Ipapo
Manase akaziva kuti Jehovha ndiMwari.

14 Mushure maizvozvi akavakazve rusvingo rwokunze rweGuta raD-
havhidhi, kumavirira kwechitubu chepaGihoni mumupata, kusvika pa-
vanopinda napo paSuo reHove akakomberedza chikomo chaOferi; akachi-
itawo kuti chinyanye kukwirira. Akamisa vakuru vehondo mumaguta ose
ane masvingo muJudha.

15 Akaparadza vamwari vose vedzimwe nyika akabvisa chifananidzo
kubva mutemberi yaJehovha nearitari dzaakanga avaka pachikomo
chetemberi nomuJerusarema akadzikanda kunze kweguta. 16 Ipapo
akavakazve aritari yaJehovha akabayira zvipiriso zvokuwadzana noku-
vonga pairi. Uye akataurira Judha kuti ishumire Jehovha, Mwari weIs-
raeri. 17 Zvisinei, vanhu vakaramba vachibayira panzvimbo dzakakwirira,
asi kuna Jehovha Mwari wavo chete.

18 Zvimwe zvakaitwa naManase panguva yokutonga kwake, kusan-
ganisira munyengetero wake kuna Mwari wake, namashoko akatau-
rwa navaoni kwaari muzita raJehovha Mwari waIsraeri, zvakanyorwa
munhoroondo dzamadzimambo eIsraeri. 19 Munyengetero wake uye
kuti Mwari akasundwa sei nokuzvininipisa kwake, nezvivi zvake zvose
nokusatendeka kwake, nenzvimbo dzaakavakira nzvimbo dzakakwirira
nokumisa matanda aAshera nezvifananidzo asati azvininipisa, zvose
zvakanyorwa munhoroondo dzavaoni. 20 Manase akazorora namadzibaba
ake akavigwa mumuzinda wake. Uye Amoni mwanakomana wake
akamutevera paumambo.

### *Amoni Mambo weJudha*

21 Amoni akanga ava namakore makumi maviri namaviri paakava
mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore maviri. 22 Akaita
zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakanga zvaitwa naManase baba vake.
Amoni akashumira uye akapa zvibayiro zvakanga zvagadzirwa naManase.
23 Asi haana kuzoita sababa vake, haana kuzvininipisa pamberi paJe-
hovha. Amoni akawedzera mhosva yake.

24 Makurukota aAmoni akarangana akamuuraya mumuzinda wake.
25 Ipapo vanhu venyika yose vakauraya vose vakanga varangana kuuraya
mambo Amoni. Vakaita Josia mwanakomana wake mambo panzvimbo
yake.

# 34

*Josia anovandudza nyika*

[1] Josia aiva namakore masere paakava mambo uye akatonga mu-
Jerusarema kwamakore makumi matatu nerimwe chete. [2] Akaita
zvakanga zvakanaka pamberi paJehovha akafamba munzira dzababa
vake Dhavhidhi, asingatendeukiri kurudyi kana kuruboshwe.

[3] Mugore rorusere rokutonga kwake, paakanga achiri mudiki akatanga
kutsvaka Mwari wababa vake Dhavhidhi. Mugore regumi namaviri
akatanga kunatsa Judha neJerusarema achibvisa nzvimbo dzakakwirira,
matanda aAshera, zvifananidzo zvakavezwa nezvakaumbwa.
[4] Pakurayira kwake aritari dzavanaBhaari dzakaputsirwa pasi; akatema-
tema aritari dzezvinonhuhwira dzaiva pamusoro padzo akaparadza
matanda aAshera, zvifananidzo nezviumbwa izvi akazviputsa kuita
zvidimbu zvidimbu akazviparadzira pamakuva avanhu vaibayira
kwazviri. [5] Akapisa mapfupa avaprista paaritari dzavo, uye saizvozvo
akachenesa Judha neJerusarema. [6] Mumaguta aManase, Efuremu
neSimeoni kusvikira kuNafutari, nomumatongo akaapoteredza,
[7] akaputsira pasi aritari namatanda aAshera akaparadza zvifananidzo
kusvikira zvaita upfu, akatema-tema kuita zvidimbu zvidimbu
aritari dzose dzezvinonhuhwira muIsraeri yose. Ipapo akadzokera
kuJerusarema.

[8] Mugore regumi namasere rokutonga kwaJosia pakuchenesa nyika
netemberi, akatuma Shafani mwanakomana waAzaria naMaaseya mu-
tongi weguta, vaina Joa mwanakomana waJohazi munyori, kuti va-
gadziridze temberi yaJehovha Mwari wake.

[9] Vakaenda kuna Hirikia muprista mukuru vakamupa mari yakanga
yauyiswa mutemberi yaMwari, yakanga yaunganidzwa navaRevhi vaiva
vachengeti vamasuo, kubva kuvanhu vaManase, Efuremu navose vakanga
vasara veIsraeri uye kubva kuvanhu vose veJudha neBhenjamini nav-
agari vomuJerusarema. [10] Ipapo vakaichengetesa varume vakanga
vapiwa basa rokuva vatariri vebasa rapatemberi yaJehovha. Varume
ava vakaripira vashandi vakagadziridza uye vakavandudza temberi.
[11] Vakapawo mari kuvavezi navavaki kuti vatenge matombo okuvakisa
akavezwa namatanda okubatanidza nokuita mapango edzimba dzakanga
dzaregererwa namadzimambo eJudha dzichiparara.

[12] Varume ava vakaita basa zvakatendeka. Vakanga vari vatungamiri
vaiva Jahati naObhadhia, vaRevhi vaiva zvizvarwa zvaMerari, uye Zekaria
naMeshurami zvizvarwa zvaKohati. VaRevhi, vose vaigona kuridza
zviridzwa, [13] vaitungamirira vashandi vari vatariri vavashandi vose
pamabasa akasiyana-siyana. Vamwe vaRevhi vaiva vanyori, vatariri
navachengeti vamasuo.

*Bhuku roMurayiro rakawanikwa*

[14] Pavakanga vachiburitsa mari yakanga yaiswa mutemberi yaJe-
hovha, Hirikia muprista akawana Bhuku roMurayiro waJehovha wakanga
wapiwa kubudikidza naMozisi. [15] Hirikia akati kuna Shafani munyori,
“Ndawana Bhuku roMurayiro mutemberi yaJehovha.” Akaripa kuna
Shafani.

[16] Ipapo Shafani akatora bhuku riya akaenda naro kuna Mambo akati,
“Machinda enyu ari kuita zvose zvaakanzi aite. [17] Vakapa mari yakanga iri
mutemberi yaJehovha vakaiisa mumaoko avatariri navashandi.” [18] Ipapo

Shafani munyori akati kuna mambo, "Hirikia muprista andipa bhuku." Uye Shafani akaverenga kubva mariri pamberi pamambo.
19 Mambo paakanzwa mashoko omurayiro, akabvarura nguo dzake.
20 Akarayira Hirikia, Ahikami mwanakomana waShafani, Abhidhoni mwanakomana waMika, Shafani munyori naAsaya mushandi wamambo
kuti, 21 "Endai munondibvunzira kuna Jehovha, mubvunzewo vakasara muIsraeri neJudha pamusoro pezvakanyorwa mubhuku iri rawanikwa. Hasha dzaJehovha zhinji kwazvo dzinodururirwa pamusoro pedu nokuti madzibaba edu haana kuchengeta shoko raJehovha; havana kuita sezvakanyorwa mubhuku iri."
22 Hirikia naavo vakatumwa naro namambo vakaenda kundotaura nomuprofitakadzi Huridha, uyo aiva mukadzi waSharumi mwanakomana waTokati mwanakomana waHazira muchengeti wenguo. Aigara muJerusarema, muDunhu reChipiri.
23 Akati kwavari, "Zvanzi naJehovha Mwari waIsraeri: Udza murume akutumirai kwandiri kuti,
24 'Zvanzi naJehovha: Ndichauyisa zvakaipa munzvimbo iyi nomuvanhu vayo kutukwa kwose kwakanyorwa mubhuku raverengwa pamberi pamambo weJudha.
25 Nokuti vakandisiya vakapisira zvinonhuhwira kuna vamwe vamwari vakamutsa hasha dzangu nezvose zvakagadzirwa namaoko avo, hasha dzangu dzichadururirwa panzvimbo ino uye hadzizodzimurwi.'
26 Taurirai mambo weJudha, akutumai kuti muzobvunza kuna Jehovha, kuti, 'Zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri, pamusoro pamashoko awanzwa:
27 Nokuti mwoyo wako wateerera uye wazvininipisa pamberi paMwari pawanzwa zvaakataura pamusoro penzvimbo ino navanhu vayo zvakaipa, uye nokuti wazvininipisa pamberi pangu ukabvarura nguo dzako ukachema pamberi pangu, ndakunzwa ndizvo zvinotaura Jehovha.
28 Zvino iwe ndichakuuyisa kuna madzibaba ako, uye uchavigwa murunyararo. Meso ako haachazooni zvakaipa zvose zvandichauyisa panzvimbo ino napane vose vanogara pano.' "

Saka vakatora mhinduro yake vakadzoka nayo kuna mambo.
29 Ipapo mambo akaunganidza vakuru vose veJudha neJerusarema.
30 Akaenda kutemberi yaJehovha navarume veJudha, vanhu veJerusarema, vaprista navaRevhi, vanhu vose kubva kuno mudiki kusvika kuno mukuru. Akaverenga vachinzwa mashoko ose eBhuku reSungano, rakanga rawanikwa mutemberi yaJehovha.
31 Mambo akamira pashongwe yavo vakamutsiridza sungano pamberi paJehovha, kuti vatevere Jehovha uye vachengete mirayiro yake, zvaakatema nemitemo yake nomwoyo wake wose nomweya wake wose uye kuti ateerere mashoko esungano akanyorwa mubhuku iri.
32 Ipapo akaita kuti munhu wose womuJerusarema neBhenjamini azvipire kwairi; vanhu vomuJerusarema vakaita izvi maererano nesungano yaMwari, Mwari wamadzibaba avo.
33 Josia akabvisa zvifananidzo zvose zvinonyangadza munyika yose yavaIsraeri akaita kuti vose vaiva muIsraeri vashumire Jehovha Mwari wavo. Mazuva ake ose, havana kutsauka pakutevera Jehovha Mwari wamadzibaba avo.

# 35

*Josia anopemberera Pasika*

1 Josia akapemberera Pasika kuna Jehovha muJerusarema, uye gwayana rePasika rakaurayiwa pazuva regumi nemana romwedzi wokutanga.

2 Akagadza vaprista pamabasa avo akavakurudzira kuti vashumire
mutemberi yaJehovha. 3 Akati kuvaRevhi, vaidzidzisa Israeri yose uye
vakanga vakatsaurirwa kuna Jehovha, "Isai areka yesungano mutemberi
yakavakwa naSoromoni mwanakomana waDhavhidhi, mambo waIsraeri.
Haifaniri kutakurwa pamapfudzi enyu. Zvino shumirai Jehovha Mwari
uye navanhu vake Israeri. 4 Zvigadzirirei nemhuri dzenyu mumapoka
enyu, maererano nezvakarayirwa zvakanyorwa naDhavhidhi mambo
weIsraeri nomwanakomana wake Soromoni.

5 "Mirai munzvimbo tsvene neboka ravaRevhi pachikamu chiduku
cheboka chimwe nechimwe chemhuri dzehama dzenyu. 6 Urayai
makwayana ePasika muzvinatse mugadzirire makwayana kuitira hama
dzenyu, muchiita zvakarayirwa naJehovha kubudikidza naMozisi."

7 Josia akapa vamwe vanhu vose vakanga varipo makwai nembudzi
zvaisvika zviuru makumi matatu sezvipiriso zvePasika, uyewo nemombe
zviuru zvitatu, zvose izvi zvakabva mupfuma yamambo.

8 Machinda ake akapawo nokuda kwavo kuvanhu nokuvaprista
navaRevhi. Hirikia, Zekaria naJehieri, mutariri mukuru wetemberi
yaMwari akapa vaprista zvipiriso zviuru zviviri namazana matanhatu
nemombe mazana matatu. 9 Uyewo Konania pamwe chete naShe-
maya naNetaneri vanun'una vake, naHashabhia, Jeyeri naJozabhadhi,
vatungamiri vavaRevhi, vakapa zvipiriso zvePasika zviuru zvishanu
nemombe mazana mashanu zvavaRevhi.

10 Nguva yokushumira yakati yarongwa, vaprista vakamira munzvimbo
dzavo vaine vaRevhi mumapoka avo sezvakanga zvarayirwa namambo.
11 Makwayana ePasika akaurayiwa, vaprista vakasasa ropa ravakapiwa,
vaRevhi vachivhiya mhuka idzi. 12 Vakaisa parutivi zvipiriso zvinopiswa
kuti vazvipe kuzvikamu zvamapoka emhuri dzavanhu kuti vazvipe kuna
Jehovha sezvazvakanyorwa mubhuku raMozisi. Vakaita zvimwe chetezvo
nemombe. 13 Vakagocha mhuka dzePasika pamoto nenzira yakarayirwa,
vakabikira zvipiriso zvitsvene muhari, mumakate nomumakango uye
vakapa vanhu vose nokukurumidza. 14 Vapedza izvi, vakatanga ku-
gadzirira zvavo nezvavaprista, nokuti vaprista vezvizvarwa zvaAroni
vakabayira zvipiriso zvinopiswa namafuta azvo kusvikira usiku. Saka
vaRevhi vakazvigadzirira ivo navaprista vorudzi rwaAroni.

15 Vaimbi, zvizvarwa zvaAsafi, vakanga vari munzvimbo dzakanga
dzarayirwa naDhavhidhi, Asafi, Hemani naJedhutuni muoni wamambo.
Vachengeti vamasuo pasuo rimwe nerimwe vaisafanira kusiya nzvimbo
dzavo nokuti dzimwe hama dzavo vaRevhi vaivagadzirirawo zvavo.

16 Saka panguva iyoyo basa rose raJehovha rakaitwa kuti vapemberere
Pasika nezvipiriso zvinopiswa paaritari yaJehovha sezvakanga zvarayirwa
naMambo Josia. 17 VaIsraeri vakanga varipo vakapemberera Pasika
panguva iyoyo vakacherechedza Mutambo weChingwa Chisina Mbiriso
kwamazuva manomwe. 18 Pasika haina kunge yambocherechedzwa
saizvozvi muIsraeri kubva pamazuva omuprofita Samueri; uye hakuna
kana mumwe chete pamadzimambo eIsraeri akanga apemberera Pasika
sezvakaitwa naJosia navaprista, vaRevhi neJudha yose neIsraeri vakanga
varipo navanhu veJerusarema. 19 Pasika iyi yakapembererwa mugore
regumi norusere rokutonga kwaJosia.

### *Kufa kwaJosia*

20 Mushure maizvozvi zvose, Josia paakanga agadziridza zvinhu mutem-
beri, Neko mambo weIjipiti, akakwidza kundorwa naye paKakemishi

paYufuratesi, uye Josia akabudawo kundosangana naye kuti varwe. 21 Asi
Neko akatuma nhume kwaari achiti, "Ibopoto ripiko riripo pakati pangu
newe, nhai mambo weJudha? Handina kuuya kuzorwa newe nhasi, asi ne-
imba yandiri kurwisana nayo. Mwari andiudza kuti ndikurumidze; saka
mira kurwisana naMwari, ari kurutivi rwangu, kana kuti achakuparadza."
22 Kunyange zvakadaro Josia haana kubva kwaari asi akazvishandura
kuti arwe naye muhondo. Haana kuda kuteerera zvakanga zvataurwa
naNeko sokurayira kwaMwari asi akaenda kundorwa naye pabani re-
Megidho.
23 Vawemburi vouta vakapfura Mambo Josia, uye iye akati kumachinda
ake, "Ndibvisei pano; ndakuvara zvakaipisisa." 24 Saka vakamutora
vakamuburitsa mungoro yake vakamuisa mune imwe ngoro yaakanga
anayo, vakauya naye kuJerusarema, kwaakandofira. Akavigwa mu-
makuva amadzibaba ake, uye Judha yose neJerusarema vakamuchema.
25 Jeremia akanyora dzimbo dzokuchema Josia, uye kusvikira nhasi
vaimbi vechirume nevechikadzi vose vanorangarira Josia munziyo id-
zodzo dzokuchema.
26 Zvimwe zvakaitwa naJosia panguva yokutonga kwake, namabasa
okuzvipira kwake maererano nezvakanyorwa mumurayiro waJehovha,
27 zvose zvaakaita kubva pakutanga kusvikira pakupedzisira zvakanyorwa
mubhuku ramadzimambo eIsraeri neJudha.

# 36

1 Uye vanhu vomunyika iyi vakatora Jehoahazi mwanakomana waJosia
vakamuita mambo muJerusarema panzvimbo yababa vake.

### *Jehoahazi Mambo weJudha*

2 Jehoahazi akanga ana makore makumi maviri namatatu paakava
mambo, uye akatonga muJerusarema kwemwedzi mitatu. 3 Mambo weI-
jipiti akamubvisa paumambo muJerusarema akatemera Judha kuti iripe
matarenda zana* esirivha netarenda† regoridhe. 4 Mambo weIjipiti akaita
kuti Eriakimu, mukoma waJehoahazi, ave mambo pamusoro peJudha
neJerusarema akashandura zita raEriakimi kuti anzi Jehoyakimi. Asi Neko
akatora munun'una waEriakimi, Jehoahazi, akaenda naye kuIjipiti.

### *Jehoyakimi Mambo weJudha*

5 Jehoyakimi akanga aina makore makumi maviri namashanu paakava
mambo, uye akatonga muJerusarema kwamakore gumi nerimwe chete
akaita zvakaipa pamberi paJehovha Mwari wake. 6 Nebhukadhinezari
mambo weBhabhironi akamurwisa akamusunga nengetani dzendarira
kuti amutore aende naye kuBhabhironi. 7 Nebhukadhinezari akatorawo
midziyo yomutemberi yaJehovha akaenda nayo kuBhabhironi akandoiisa
mutemberi yake ikoko.
8 Zvimwe zvakaitwa panguva yokutonga kwaJehoyakimi, zvinhu
zvinonyangadza zvaakaita nezvose zvakawanikwa zvaakakanganisa,
zvakanyorwa mubhuku ramadzimambo eIsraeri neJudha. Uye Jehoyakini
mwanakomana wake akamutevera paumambo.

### *Jehoyakini Mambo weJudha*

9 Jehoyakini akanga ava namakore gumi namasere paakava mambo,
uye akatonga muJerusarema kwemwedzi mitatu namazuva gumi. Akaita

* **36:3** 36:3 matani angaita 3.4 † **36:3** 36:3 makirogiramu angaita 34

zvakaipa pamberi paJehovha. 10 Pakupera kwegore, Mambo Nebhukad-
hinezari akatuma shoko rokuti auyiswe kuBhabhironi pamwe chete
nemidziyo inokosha kubva mutemberi yaJehovha, akaita munun'una
waJehoyakini, Zedhekia, mambo pamusoro peJudha neJerusarema.

### *Zedhekia Mambo weJudha*

11 Zedhekia akanga ava namakore makumi maviri nerimwe paakava
mambo uye akatonga muJerusarema kwamakore gumi nerimwe. 12 Akaita
zvakaipa pamberi paJehovha uye haana kuzvininipisa pamberi pomuprof-
ita Jeremia, akataura shoko raJehovha. 13 Akamukirawo Mambo Neb-
hukadhinezari akanga amuita kuti ape mhiko muzita raMwari. Akaomesa
mutsipa akaomesa mwoyo wake uye akaramba kutendeukira kuna
Jehovha, Mwari weIsraeri. 14 Uyezve vakuru vose vavaprista na-
vanhu vakanyanya kutadza vachitevera zvinonyangadza zvose zvendudzi
vakasvibisa imba yaJehovha yaakanga akudza kwazvo muJerusarema.

### *Kuparadzwa kweJerusarema*

15 Jehovha, Mwari wamadzibaba avo, akatuma shoko rake kubudikidza
nenhume dzake nguva nenguva, nokuti akaitira tsitsi vanhu vake nen-
zvimbo yake yokugara. 16 Asi vakashora nhume dzaMwari, vakazvidza
mashoko ake vakadadira vaprofita vake kusvikira hasha dzaMwari dzava-
mukira uye pasisina zvingagadziridzwa. 17 Akauyisa mambo wavaBhab-
hironi kuti azovarwisa uye akauraya majaya avo nomunondo munzvimbo
tsvene, uye hapana waakasiya, jaya kana mhandara, varume vakuru
kana vatana. Mwari akavapa vose kuna Nebhukadhinezari. 18 Akatakura
midziyo yose yaiva mutemberi yaMwari akaenda nayo kuBhabhironi,
zvose zvikuru nezvidiki nepfuma yomutemberi yaJehovha nepfuma
yaMambo namachinda ake. 19 Vakapisa temberi yaMwari vakaputsa
rusvingo rweJerusarema; vakapisa mizinda yose uye vakaparadza zvose
zvaikosha imomo.
20 Akatakura vose vakanga vasara muutapwa avo vakanga vapunyuka
kubva pamunondo uye vakava varanda vake nevevanakomana vake
kusvikira pakutanga umambo hwePezhia kutonga. 21 Nyika yakava
namaSabata ayo ezororo; panguva yose yokuparadzwa kwayo yakazorora,
kusvikira makore makumi manomwe apera kuti shoko raJehovha rakatau-
rwa naJeremia rizadziswe.
22 Mugore rokutanga raSirasi mambo wePezhia, kuitira kuti shoko
raJehovha rakataurwa naJeremia rizadziswe, Jehovha akasunda mwoyo
waSirasi mambo wePezhia kuti aparadzire kuumambo hwake hwose uye
kuti anyore achizivisa kuti:
23 "Zvanzi naSirasi mambo wePezhia:
" 'Jehovha Mwari wedenga, andipa umambo hwose hwapanyika uye
akandigadza kuti ndimuvakire temberi paJerusarema muJudha. Ani
naani wavanhu vake vari pakati penyu, Jehovha Mwari wake ave naye,
uye ngaaende ikoko.' "

# EZIRA

*Sirasi anobatsira vakanga vatapwa kuti vadzokere kunyika yavo*

1 Mugore rokutanga raSirasi mambo wePezhia, kuti shoko raJehovha
rakataurwa nomuromo waJeremia rizadziswe, Jehovha akamutsa mwoyo
waSirasi mambo wePezhia, kuti aite chiziviso munyika yake yose uye
akaita kuti chinyorwe chichiti:

2 Zvanzi naSirasi mambo wePezhia:

Jehovha, Mwari wokudenga akandipa ushe hwose hwapanyika uye
akandigadza kuti ndimuvakire temberi paJerusarema muJudha. 3 Ani
naani wavanhu vake ari pakati penyu, Mwari wake ngaave naye, uye
regai aende zvake kuJerusarema kuJudha andovaka temberi yaJehovha,
Mwari waIsraeri, iye Mwari anogara muJerusarema. 4 Zvino vanhu
vagere panzvimbo ipi neipi zvayo pagere vakasara, vanofanira kumupa
sirivha negoridhe, nenhumbi nezvipfuwo, uye vagomupa zvipo zvokupa
nokuzvisarudzira zvetemberi yaMwari muJerusarema.

5 Ipapo vakuru vedzimba veJudha neveBhenjamini, navaprista uye
navaRevhi, vose avo vakanga vamutswa mwoyo naMwari, vakagadzirira
kuenda kundovaka imba yaJehovha muJerusarema. 6 Vavakidzani vavo
vose vakavabatsira nemidziyo yesirivha negoridhe, nenhumbi nezvip-
fuwo, uye nezvipo zvinokosha, kuwedzera pamusoro pezvipo zvokuzvis-
arudzira. 7 Pamusoro pezvo, Mambo Sirasi akaburitsa midziyo yomutem-
beri yaJehovha, iyo yakanga yatorwa kubva kuJerusarema naNebhukad-
hinezari uye akanga aiisa mutemberi yamwari wake. 8 Sirasi mambo
wePezhia akarayira kuti ibudiswe naMitiredhati muchengeti wepfuma,
uyo akaiverenga achiipa kuna Sheshibhazari muchinda weJudha.

9 Uku ndiko kuwanda kwayakanga yakaita:

ndiro dzegoridhe dzaiva makumi matatu;
ndiro dzesirivha dzaiva chiuru;
10 pani dzesirivha dzaiva makumi maviri namapfumbamwe;
mbiya dzegoridhe dzaiva makumi matatu;
mbiya dzesirivha dzakafanana-fanana dzaiva mazana mana negumi;
uye mimwewo midziyo yaiva chiuru.

11 Yose pamwe chete, midziyo yegoridhe neyesirivha yaiva zviuru
zvishanu namazana mana.

Sheshibhazari akaendesa izvi zvose panguva iyo vatapwa vakabva
kuBhabhironi vachienda kuJerusarema.

## 2

*Mazita aVakanga Vambotapwa Vakadzokera Kunyika Yavo*

1 Zvino ava ndivo vanhu vomudunhu vakadzoka kubva kuu-
tapwa hwavakanga vatapwa, avo vakanga vatapwa naNeb-
hukadhinezari mambo weBhabhironi vakanga vaendeswa ku-
utapwa kuBhabhironi (vakadzokera kuJerusarema nokuJudha,
mumwe nomumwe kuguta rake, 2 vakanga vari pamwe chete

naZerubhabheri, Jeshua, Nehemia, Seraya, Reeraya, Modhekai, Bhirishani, Misipari, Bhigivhai, Rehumi naBhaana):

Uwandu hwavarume pakati pavaIsraeri:

3 zvizvarwa
zvaParoshi zvaiva zviuru zviviri nezana namakumi manomwe navaviri;
4 zvaShefatia zvaiva mazana matatu namakumi manomwe navaviri;
5 zvaAra zvaiva mazana manomwe namakumi manomwe navashanu;
6 zvaPahati-Moabhu (vorudzi rwaJeshua naJoabhu) zvaiva zviuru zviviri namazana masere negumi navaviri;
7 zvaEramu zvaiva chiuru chimwe chete namazana maviri namakumi mashanu navana;
8 zvaZatu zvaiva mazana mapfumbamwe namakumi mana navashanu;
9 zvaZakai zvaiva mazana manomwe namakumi matanhatu;
10 zvaBhani zvaiva mazana matanhatu namakumi mana navaviri;
11 zvaBhebhai zvaiva mazana matanhatu namakumi maviri navatatu;
12 zvaAzigadhi zvaiva chiuru chimwe chete namazana maviri namakumi maviri navaviri;
13 zvaAdhonikami zvaiva mazana matanhatu namakumi matanhatu navatanhatu;
14 zvaBhigivhai zvaiva zviuru zviviri namakumi mashanu navatanhatu;
15 zvaAdhini zvaiva mazana mana namakumi mashanu navana;
16 zvaAteri (vorudzi rwaHezekia) zvaiva makumi mapfumbamwe navasere;
17 zvaBhezai zvaiva mazana matatu namakumi maviri navatatu;
18 zvaJora zvaiva zana negumi navaviri;
19 zvaHashumi zvaiva mazana maviri namakumi maviri navatatu;
20 zvaGibhari zvaiva makumi mapfumbamwe navashanu;

21 varume
veBheterehema vaiva zana namakumi maviri navashanu;
22 veNetofa vaiva makumi mashanu navatanhatu;
23 veAnatoti vaiva zana namakumi maviri navasere;
24 veAzimavheti vaiva makumi mana navaviri;
25 veKiriati Jearimi, Kefira, neBheroti vaiva mazana manomwe namakumi mana navatatu;
26 veRama neGebha vaiva mazana matanhatu namakumi maviri nomumwe chete;
27 veMikimashi vaiva zana namakumi maviri navaviri;
28 veBheteri neAi vaiva mazana maviri namakumi maviri navatatu;
29 veNebho vaiva makumi mashanu navaviri;
30 veMagibhishi vaiva zana namakumi mashanu navatanhatu;
31 veEramu yechipiri vaiva chiuru chimwe chete namazana maviri namakumi mashanu navana;
32 veHarimi vaiva mazana matatu namakumi maviri;
33 veRodhi neHadhidhi neOno vaiva mazana manomwe namakumi maviri navashanu;
34 veJeriko vaiva mazana matatu namakumi mana navashanu;
35 veSena, vaiva zviuru zvitatu namazana matanhatu namakumi matatu.

36 Vaprista:

zvizvarwa
zvaJedhaya (veimba yaJeshua) vaiva mazana mapfumbamwe namakumi manomwe navatatu;
37 zvaImari zvaiva chiuru chimwe chete namakumi mashanu navaviri;
38 zvaPashuri zvaiva chiuru chimwe chete namazana maviri namakumi mana navanomwe;
39 zvaHarimu zvaiva chiuru chimwe chete negumi navanomwe.

40 VaRevhi:
zvizvarwa
zvaJeshua navaKadhimieri (vorudzi rwaHodhavhia) zvaiva makumi manomwe navana.

41 Vaimbi:
zvizvarwa
zvaAsafi zvaiva zana namakumi maviri navasere.

42 Varindi vapasuo reTemberi:
zvizvarwa
zvaSharumi, zvaAteri zvaTarimoni zvaAkubhi, nezvaHatita nezvaShobhai zvaiva zana namakumi matatu navapfumbamwe.

43 Vashandi vomutemberi:
44 zvizvarwa
zvaZiha, zvaHasupa, zvaTabhaoti,
zvaKerosi, zvaSiaha, zvaPadhoni,
45 zvaRebhana, zvaHagabha, zvaAkubhi,
46 zvaHagabhi, zvaSharimai, zvaHanani,
47 zvaGidheri, zvaGahari, zvaReaya,
48 zvaRezini, zvaNekodha, zvaGazami,
49 zvaUza, zvaPasea, zvaBhesai,
50 zvaAsina, zvaMeumini, zvaNefusimi,
51 zvaBhakubhiki, zvaHakufa, zvaHarihuri,
52 zvaBhaziruti, zvaMehidha, zvaHarisha,
53 zvaBharikosi, zvaSisera, zvaTema,
54 zvaNezia uye nezvaHatifa.
55 Zvizvarwa zvavaranda vaSoromoni:
zvizvarwa
zvaSotai, zvaHasofereti zvaPerudha,
56 zvaJaara, zvaDharikoni, zvaGidheri,
57 zvaShefatia, zvaHatiri, zvaPokereti-Hazebhaimi uye nezvaAmi.
58 Varanda vaishanda mutemberi nezvizvarwa zvavaranda vaSoromoni vaiva mazana matatu namakumi mapfumbamwe navaviri.

59 Ava ndivo vakauya vachibva kumaguta eTeri Mera, Teri Harisha, Kerubhi, Adhoni neImeri, asi vakanga vasingagoni kuratidza dzimba dzamadzibaba avo kwavakanga vakaberekerwa muIsraeri:
60 Zvizvarwa
zvaDheraya, zvaTobhia nezvaNekodha zvaiva mazana matanhatu namakumi mashanu navaviri.

61 Uye kubva pakati pavaprista:
zvizvarwa
zvaHobhaya, zvaHakozi uye nezvizvarwa zvaBhazirai (murume akanga awana mwanasikana waBhazirai muGireadhi uye akazotumidzwa zita iroro).
62 Ava vakatsvaka nhoroondo yamazita emhuri yavo, asi havana kuiwana, nokudaro vakanzi vakasvibiswa vakabviswa
pauprista. 63 Mubati akavaudza kuti varege kudya chipi zvacho
chezvokudya zvitsvene kwazvo kusvikira kwazova nomuprista anoshumira neUrimi neTumimi.

64 Ungano yose pamwe chete yaisvika zviuru makumi mana nezviviri namazana matatu namakumi matanhatu,
65 tisingasanganisiri varanda vavo navarandakadzi vavo vakanga vari zviuru zvinomwe namazana matatu namakumi matatu navanomwe: uye vakanga vane varume navakadzi
mazana maviri vakanga vari vaimbi. 66 Vakanga vane mabhiza mazana manomwe namakumi matatu namatanhatu, manyurusi mazana maviri namakumi mana namashanu,
67 ngamera mazana mana namakumi matatu namashanu uye nembongoro zviuru zvitanhatu namazana manomwe namakumi maviri.

68 Pavakasvika paimba yaJehovha muJerusarema, vamwe vakuru vedzimba vakasarudza kupa nokuzvisarudzira kuti imba yaJehovha ivakwezve
panzvimbo yayo. 69 Maererano napavaigona napo vakapa kuhomwe
yemari yebasa iri, madhirakema zviuru makumi matanhatu nechimwe*
egoridhe, nemamina zviuru zvishanu† esirivha uye nenguo dzavaprista zana.
70 Vaprista, vaRevhi, vaimbi, varindi vemikova uye navashandi vomutemberi vakagara mumaguta avo, pamwe chete navamwe vavanhu, uye vamwe vaIsraeri vose vakagara mumaguta avowo.

# 3

*Kuvakwazve kweAritari*
1 Mwedzi wechinomwe wakati wasvika uye vana veIsraeri vakanga vagara mumaguta avo, vanhu vakaungana pamwe chete somunhu
mumwe chete muJerusarema. 2 Ipapo Jeshua mwanakomana waJozadhaki
navamwe vake vaprista naZerubhabheri mwanakomana waShearitieri neshamwari dzake vakatanga kuvaka aritari yaMwari weIsraeri kuti vabayirepo zvipiriso zvinopiswa, maererano nezvakanyorwa muMurayiro
waMozisi, munhu waMwari. 3 Vakavakira aritari pahwaro uye vakabayirapo kuna Jehovha zvipiriso zvinopiswa, zvose zvipiriso zvinopiswa zvamangwanani nezvamadekwana, zvisinei kuti vaitya vanhu vakanga
vakavapoteredza. 4 Ipapo vakapemberera Mutambo waMatumba sezvazvakanga zvakanyorwa, nouwandu hwaidikanwa hwezvipiriso zvinopiswa
hwakanga hwakanyorwa, hwezuva rimwe nerimwe. 5 Mushure maizvozvo, vakapa chipiriso chinopiswa chenguva dzose, nezvibayiro zvapaKugara kwoMwedzi uye nezvibayiro zvemitambo yose mitsvene yaJehovha yakanga yakatarwa, pamwe chetewo neizvo zvakauyiswa
sezvipo zvokuzvisarudzira kuna Jehovha. 6 Pazuva rokutanga romwedzi

* **2:69** 2:69 makirogiramu angaita 500 † **2:69** 2:69 matani angaita 2.9

wechinomwe vakatanga kupa zvipiriso zvinopiswa kuna Jehovha, kunyange zvazvo nheyo dzetemberi yaJehovha dzakanga dzichigere kuteyiwa.

*Kuvakwazve kweTemberi*

7 Ipapo vakapa mari kuvavezi vamabwe navavezi vamatanda, uye vakapa zvokudya nezvokunwa namafuta kuvanhu veSidhoni neveTire, kuitira kuti vatore matanda emisidhari kubva kuRebhanoni vagoayeredza nemvura yegungwa kuti aende kuJopa, sezvakanga zvatenderwa naSirasi mambo wePezhia.

8 Mumwedzi wechipiri wegore rechipiri mushure mokunge vasvika
paimba yaMwari muJerusarema, Zerubhabheri mwanakomana waShearitieri, naJeshua mwanakomana waJozadhaki nedzimwe hama dzavo dzose (vaprista navaRevhi uye navose vakanga vadzokera kuJerusarema vachibva kuutapwa) vakatanga kushanda vakagadza vaRevhi vana makore makumi maviri kana anopfuura kuti vave vatariri vokuvakwa
kweimba yaJehovha. 9 Jeshua navanakomana vake nehama dzake naKad-
himieri navanakomana vake (zvizvarwa zvaHodhavhia) navanakomana vaHenadhadhi navanakomana vavo nehama dzavo, navaRevhi vose vakabatana pamwe chete navo pakutarira vaishanda paimba yaMwari.

10 Zvino vavaki vakati vateya nheyo dzetemberi yaJehovha, vaprista vakapfeka nguo dzavo, uye vakabata hwamanda, navaRevhi (vanakomana vaAsafi) vakabata makandira, vakamira munzvimbo dzavo kuti varumbidze Jehovha, sezvakanga zvarayirwa naDhavhidhi mambo weIsraeri.

11 Vakaimba kuna Jehovha vachirumbidza nokutenda, vachiti:

“Jehovha akanaka;
rudo rwake kuna Israeri runogara nokusingaperi.”

Uye vanhu vose vakadanidzira nenzwi guru rokurumbidza kuna Jehovha,
nokuti nheyo dzeimba yaJehovha dzakanga dzateyiwa. 12 Asi vazhinji
vavaprista navaRevhi vakanga vakwegura navakuru vedzimba dzavo, avo vakanga vaona temberi yokutanga, vakachema nenzwi guru pavakaona nheyo dzetemberi iyi dzichiteyiwa, asi vamwe vazhinji vaipururudza
nomufaro. 13 Hapana aigona kutsaura inzwi rokudanidzira kwomufaro
kubva kuinzwi rokuchema kwavanhu, nokuti vanhu vakaita ruzha rukuru kwazvo. Uye ruzha urwu rwakanzwika kure kure.

# 4

*Vavengi vanodzivisa kuvakwa kweTemberi*

1 Vavengi veJudha neBhenjamini vakati vanzwa kuti vatapwa vakanga
vachivaka temberi yaJehovha, Mwari weIsraeri, 2 vakauya kuna Zerub-
habheri nokuvakuru vedzimba vakati, “Titenderei kuti tikubatsirei kuvaka nokuti tinotsvaka Mwari wenyu, sezvamunoitawo, uye tinomubayira kubva pamazuva aEsarihadhoni mambo weAsiria, akatisvitsa pano.”

3 Asi Zerubhabheri, Jeshua navamwe vose vakuru vedzimba dzeIsraeri vakapindura vakati, “Hamuna mugove nesu mukuvaka temberi yaMwari wedu. Isu pachedu ndisu tichaivakira Jehovha, Mwari waIsraeri, sezvatakarayirwa naMambo Sirasi, mambo wePezhia.”

4 Ipapo marudzi akanga akavakomberedza akauya kuzoodza mwoyo
yavanhu veJudha uye nokuvaita kuti vatye kuramba vachivaka. 5 Vakapa
mari vapi vamazano kuti vavapikise uye vavakanganise paurongwa hwavo panguva yose yokutonga kwaSirasi mambo wePezhia uye kusvikira pakutonga kwaDhariasi mambo wePezhia.

*Kumwe kudziviswa kwakazotevera panguva yokutonga kwaZekisesi napanguva yokutonga kwaAtazekisesi*

6 Pakutanga kwokubata ushe kwaZekisesi vakapomera mhosva kuvanhu veJudha neveJerusarema.

7 Uye napamazuva aAtazekisesi mambo wePezhia, Bhishirami, Mitiredhati, Tabheeri navamwe vake vose vakanyora tsamba kuna Atazekisesi. Tsamba yacho yakanga yakanyorwa namavara echiAramu uye nomutauro wechiAramu.

8 Rehumi muchinda mukuru naShimishai munyori vakanyora tsamba kuna mambo Atazekisesi vachipomera Jerusarema vachiti:

9 Rehumi muchinda mukuru naShimishai munyori, pamwe chete navamwe vavo vose, vatongi namakurukota vanotungamirira vanhu veTiriporisi, nevePezhia, neveEreki neBhabhironi, navaEramu veSusa,
10 uye navamwe vanhu avo vakadzingwa naAshuribhanipari mukuru uye anokudzwa, uye vakandogara muguta reSamaria nokune dzimwe nzvimbo dziri mhiri kwaYufuratesi.

11 Aya ndiwo mashoko etsamba yavakatumira kwaari:

Kuna Mambo Atazekisesi,

Kubva kuvaranda venyu, varume vagere mhiri kwaYufuratesi:

12 Mambo ngaazvizive kuti vaJudha vakabva kwenyu vakauya kwatiri kuno vakaenda kuJerusarema uye vava kuvakazve guta riya rokumukira uye rakaipa. Vari kuvakazve masvingo aro uye vari kugadziridza nheyo dzayo.

13 Pamusoro pezvo, mambo ngaazive kuti kana guta iri rikavakwa uye masvingo aro akavakwazve, hakuchazova nemhando dzose dzemitero, mutero womunhu mumwe nomumwe, kana mutero wokumuganhu kwenyika, uye mari inoripwa kuna mambo ichava shoma. 14 Zvino
isu zvatinokudza imba yamambo, taona zvisina kufanira kuona mambo achininipiswa, naizvozvo tatumira mashoko aya kuti tizivise mambo,
15 kuitira kuti kutsvagisiswe mumabhuku enhoroondo avakakutangirai. Mumabhuku aya muchaona kuti guta iri iguta rinomukira, rinotambudza madzimambo namatunhu, inzvimbo inomukira kubva kare. Ndokusaka guta iri rakaparadzwa. 16 Tinozivisa mambo kuti kana
guta iri rikavakwa uye masvingo aro akamiswazve, muchasara musina chinhu mhiri kwaYufuratesi.

17 Mambo akatumira mhinduro iyi:

Kuna Rehumi muchinda mukuru, naShimishai munyori navamwe vavo vose vagere muSamaria uye navagere mune dzimwe nzvimbo mhiri kwaYufuratesi:

Kwaziwai.

18 Tsamba yamakatitumira yakaverengwa uye ikadudzirwa pamberi
pangu. 19 Ndakarayira uye zvikatsvakwa, zvikaonekwa kuti guta iri rine nhoroondo yokumukira madzimambo kubva kare uye raiva nzvimbo yokumukira madzimambo nokurangana zvakaipa. 20 Jerusarema
rakanga rine madzimambo ane simba akanga achitonga nzvimbo yose iri mhiri kwaYufuratesi, uye mitero, nemhando dzose dzemitero, mutero womunhu mumwe nomumwe, kana mutero wokumuganhu kwenyika, yairipirwa kwavari. 21 Zvino rayirai vanhu ava kuti varege
basa, kuti guta iri rirege kuvakwa, kusvikira ini ndazorayira kuti zviitwe.
22 Chenjererai kuti musarega nyaya iyi. Mungaregereiko chakaipa ichi chichikura, kuti chigokanganisa zvido zvamambo?

23 Pakangoverengwa tsamba yaMambo Atazekisesi kuna Rehumi naShimishai munyori navamwe vavo, vakabva vaenda pakarepo kuvaJudha vaiva muJerusarema vakavamanikidza nechisimba kuti varege kuvaka.

24 Nokudaro basa reimba yaMwari rakamira kuitwa muJerusarema kusvikira gore rechipiri rokutonga kwaDhariasi mambo wePezhia.

# 5

*Tsamba yaTatenai kuna Dhariasi*

1 Zvino muprofita Hagai naZekaria muprofita, chizvarwa chaIdho,
vakaprofita kuvaJudha vakanga vari muJudha muJerusarema, vakaprofita
muzita raMwari akanga ari pamusoro pavo, Mwari waIsraeri. 2 Ipapo
Zerubhabheri mwanakomana waShearitieri naJeshua mwanakomana
waJozadhaki, vakasimuka kuti vaite basa rokuvakazve imba yaMwari
muJerusarema. Uye vaprofita vaMwari vakanga vanavo, vachivabatsira.
3 Panguva iyoyo Tatenai, mubati wenyika yaiva mhiri kwaYufuratesi,
naShetari-Bhozenai neshamwari dzavo vakaenda kwaari uye vakandomubvunza, vachiti, “Ndiani akakupai mvumo yokuvakazve temberi iyi
uye nokumisazve masvingo aya?” 4 Vakabvunzazve vakati, “Mazita
avarume vari kuvaka imba iyi ndivanaani?” 5 Asi ziso raMwari wavo
rakanga rakatarira pamusoro pavakuru vavaJudha, uye havana kuvaregesa basa kusvikira nyaya iyi yaziviswa kuna Dhariasi uye mhinduro yake yakanyorwa yagamuchirwa.
6 Aya ndiwo mashoko etsamba yakanyorerwa mambo Dhariasi naTatenai, mubati mhiri kwaYufuratesi, naShetari-Bhozenai, neshamwari dzavo,
namakurukota vakanga vari mhiri kwaYufuratesi. 7 Tsamba yavakatumira kwaari yakanga ina mashoko anoti:

Kuna Mambo Dhariasi:

Tinokukwazisai.

8 Mambo ngaazive kuti takaenda kudunhu reJudha, kutemberi yaMwari mukuru. Vanhu vari kuivaka namabwe makuru uye vachiisa matanda mumasvingo. Basa riri kuitwa nokushingaira uye riri kupfuurira mberi nokukurumidza mumaoko avo.
9 Takabvunza vakuru vavo tikati kwavari, “Ndiani akakupai mvumo
yokuti muvakezve temberi iyi uye mumisezve masvingo aya?”
10 Takavabvunzawo kuti mazita avo vainzi vanaani, tichiitira kuti tingonyora mazita avatungamiri vavo kuti tigokuzivisai.
11 Iyi ndiyo mhinduro yavakatipa:

“Tiri varanda vaMwari wokudenga napasi, uye tiri kuvakazve temberi yakambovakwa makore mazhinji akapfuura, iyo yakavakwa namambo
mukuru weIsraeri uye akaipedza. 12 Asi nokuda kwokuti madzibaba edu akatsamwisa Mwari wokudenga, akavaisa mumaoko aNebhukadhinezari muKaradhea, mambo weBhabhironi, uyo akaparadza temberi ino akatora vanhu akavaendesa kuBhabhironi.
13 “Kunyange zvakadaro, mugore rokutanga raSirasi mambo weBhabhironi, Mambo Sirasi akatema chirevo chokuti imba yaMwari iyi ivak-
wezve. 14 Akabvisawo midziyo yegoridhe nesirivha yeimba yaMwari yakanga iri mutemberi yeBhabhironi, yakanga yatorwa naNebhukadhinezari kubva kutemberi muJerusarema akaiuyisa kutemberi yomuBhabhironi.

“Ipapo mambo Sirasi akaipa kumurume ainzi Sheshibhazari,
waakanga agadza kuti ave mubati, 15 uye akamuudza kuti, ‘Tora midziyo
iyi uende nayo undoiisa mutemberi muJerusarema, uye ugovakazve
imba yaMwari panzvimbo yayo.’ 16 Naizvozvo Sheshibhazari uyu
akauya akateya nheyo dzeimba yaMwari muJerusarema. Kubva pazuva
iroro kusvikira nhasi yanga ichingovakwa, asi haisati yapera.”

17 “Zvino kana zvichifadza mambo, ngavatsvakisise mumabhuku
amadzimambo eBhabhironi kuti vaone kana Mambo Sirasi zvirokwazvo vakamboisa chirevo chokuti imba yaMwari iyi ivakwezve
muJerusarema. Naizvozvo mambo ngaatizivise kuda kwake pamusoro
penyaya iyi.”

# 6

*Chirevo chaDhariasi*

1 Ipapo Mambo Dhariasi akatema chirevo, uye vakatsvakisisa mumabhuku enhoroondo dzakare aiva mudura repfuma muBhabhironi.
2 Rugwaro rwakapetwa rwakawanikwa mumuzinda weEkibhatana
mudunhu reMedhia, uye izvi ndizvo zvakanga zvakanyorwa parwuri:

Chiziviso:

3 Mugore rokutanga raMambo Sirasi, mambo akapa chirevo pamusoro
pezvetemberi yaMwari muJerusarema achiti:

Temberi ngaivakwezve ive nzvimbo yokubayira zvibayiro, uye nheyo
dzayo ngadziteyiwe. Inofanira kuva namakubhiti makumi matanhatu* paurefu namakubhiti makumi matanhatu paupamhi, 4 ive
nemitsara mitatu yamabwe makuru uye nomutsara mumwe chete
wamatanda. Mari yokuvaka ngaitorwe kubva papfuma yamambo.
5 Uyezve midziyo yegoridhe neyesirivha yeimba yaMwari yakatorwa
naNebhukadhinezari kubva mutemberi muJerusarema akauya nayo
kuBhabhironi, inofanira kudzoserwa panzvimbo yayo mutemberi muJerusarema; inofanira kuiswa muimba yaMwari.

6 Zvino naizvozvo, Tatenai, mubati wenyika iri mhiri kwaYufuratesi,
Sheshitari-Bhozenai, iwe namachinda avo omudunhu iro, musapindira
pazvinhu izvi. 7 Musakanganisa basa retemberi iyi yaMwari. Regai
mubati wavaJudha navakuru vavaJudha vavake imba iyi yaMwari
panzvimbo yayo.

8 Pamusoro pezvo, ndinorayira zvino zvamunofanira kuitira vakuru
ava vavaJudha, pakuvakwa kweimba iyi yaMwari:

Mari yose inodiwa kuripira varume ava ichabva papfuma yamambo
ichibva pamitero inoripwa kubva mhiri kwaYufuratesi, kuitira kuti basa
rirege kumira. 9 Zvose zvinodiwa, dzingava hando duku, makondobwe,
namakwayana makono, zvokuita nazvo zvipiriso zvinopiswa kuna
Mwari wokudenga, uye gorosi, munyu, waini namafuta, zvinenge
zvakumbirwa navaprista muJerusarema, zvinofanira kupiwa kwavari
zuva rimwe nerimwe musingadariki, 10 kuti vagone kupa zvibayiro
zvinofadza kuna Mwari wokudenga uye kuti vagone kunyengetererawo
upenyu hwamambo nohwavanakomana vake.

---

* 6:3 6:3 mamita angaita 27

[11] Pamusoro pezvo, ndinotemawo chirevo, kuti ani naani anoshandura
shoko iri, bango rinofanira kubviswa paimba yake, uye anofanira
kuturikwa agorovererwa pariri. Uye nokuda kwemhaka iyi, imba yake
inofanira kuitwa murwi wamarara. [12] Mwari, akagarisa Zita rake
ipapo, ngaaparadze mambo upi noupi kana vanhu vangatambanudza
maoko avo kuti vashandure chirevo ichi kana kuparadza temberi iyi
muJerusarema.
Ini Dhariasi ndini ndatema chirevo ichi. Ngachizadziswe nenzira
yakanyanyisa kunaka.

*Kupera kweTemberi noKukumikidzwa kwayo*

[13] Ipapo, nokuda kwechirevo chakanga chatumirwa naMambo Dhariasi,
Tatenai mubati wemhiri kwaYufuratesi, naShetari-Bhozenai neshamwari
dzavo vakaita izvi nenzira yakanakisisa. [14] Nokudaro vakuru vava-
Judha vakaenderera mberi nokuvaka uye vakabudirira vachiparidzirwa
naHagai muprofita naZekaria mwanakomana waIdho. Vakavaka
temberi vakaipedza sokurayirwa kwavakanga vaitwa naMwari weIs-
raeri nechirevo chaSirasi, Dhariasi naAtazekisesi madzimambo ePezhia.
[15] Temberi yakapera kuvakwa pazuva rechitatu romwedzi waAdhari,
mugore rechitanhatu rokutonga kwamambo Dhariasi.
[16] Ipapo vanhu veIsraeri, vaprista, vaRevhi uye navamwe vose vakanga
vakatapwa, vakapemberera kukumikidzwa kweimba yaMwari nomu-
faro. [17] Pakukumikidzwa kweimba iyi yaMwari vakabayira hando zana,
makondobwe mazana maviri, namakwayana makono mazana mana uye
sechipiriso chechivi chavaIsraeri vose, vakabayira nhongo dzembudzi
gumi nembiri, imwe ichimirira rudzi rumwe norumwe rwaIsraeri.
[18] Vakagadza vaprista mumapoka avo uye navaRevhi muzvikwata zvawo
kuti vaite basa raMwari paJerusarema, sezvazvakanyorwa muBhuku
raMozisi.

*Pasika*

[19] Pazuva regumi namana romwedzi wokutanga, vatapwa vakapem-
berera Pasika. [20] Vaprista navaRevhi vakanga vazvinatsa uye vose
vakanga vanatswa. VaRevhi vakabayira vatapwa vose gwayana rePasika,
vakabayirawo hama dzavo vaprista naivo vamene. [21] Nokudaro
vaIsraeri vakanga vadzoka kubva kuutapwa vakaidya, pamwe chete
navose vakanga vazvitsaura kubva pazviito zvisina kururama zvaiitwa
navavakidzani vavo vokune dzimwe ndudzi, kuti vatsvake Jehovha,
Mwari waIsraeri. [22] Kwamazuva manomwe vakapemberera nomufaro
Mutambo weZvingwa Zvisina Mbiriso, nokuti Jehovha akanga avapa mu-
faro nokushandura mwoyo wamambo weAsiria, kuti avabatsire pakuitwa
kwebasa reimba yaMwari, iye Mwari weIsraeri.

# 7

*Ezira anouya kuJerusarema*

[1] Shure kwaizvozvo, panguva yokutonga kwaAtazekisesi
mambo wePezhia, Ezira mwanakomana waSeraya, mwanakomana
waAzaria, mwanakomana waHirikia, [2] mwanakomana waSharumi,
mwanakomana waZodhaki, mwanakomana waAhitubhi, [3] mwanakomana
waAmaria, mwanakomana waAzaria, mwanakomana waMerayoti,
[4] mwanakomana waZerahia, mwanakomana waUzi, mwanakomana
waBhuki, [5] mwanakomana waAbhishua, mwanakomana waFinehasi,
mwanakomana waEreazari, mwanakomana waAroni muprista mukuru,

6 Ezira uyu akauya kubva kuBhabhironi. Akanga ari mudzidzisi aiziva
kwazvo Murayiro waMozisi, wakanga wapiwa naJehovha, Mwari
waIsraeri. Mambo akanga amupa zvose zvaakanga akumbira, nokuti
ruoko rwaJehovha Mwari wake rwakanga rwuri pamusoro pake. 7 Vamwe
vavaIsraeri, vaisanganisira vaprista, vaRevhi, vaimbi, varindi vamasuo
navaranda vomutemberi, vakauyawo kuJerusarema mugore rechinomwe
rokutonga kwaMambo Atazekisesi.

8 Ezira akasvika muJerusarema mumwedzi wechishanu wegore rechi-
nomwe ramambo. 9 Akanga atanga rwendo rwake kubva kuBhabhironi
zuva rokutanga romwedzi wokutanga akasvika muJerusarema pazuva
rokutanga romwedzi wechishanu, nokuti ruoko rwenyasha rwaMwari
wake rwakanga rwuri pamusoro pake. 10 Nokuti Ezira akanga akazvipira
kunzvera nokutevera Murayiro waJehovha, uye nokudzidzisa mitemo
nemirayiro yawo muIsraeri.

*Tsamba yaMambo Atazekisesi kuna Ezira*

11 Aya ndiwo mashoko etsamba yaMambo Atazekisesi yaakapa Ezira
muprista nomudzidzisi, murume akanga akadzidza pamusoro pezvemi-
rayiro nemitemo yaJehovha kuIsraeri:

12 Atazekisesi mambo wamadzimambo, kuna Ezira muprista no-
mudzidzisi woMurayiro waMwari wokudenga:

Kwaziwa.

13 Ini ndinotema chirevo kuti ani naani muIsraeri ari muumambo
hwangu, kusanganisira vaprista navaRevhi, avo vanoda zvavo kuenda
newe kuJerusarema, ngavaende. 14 Uri kutumwa namambo navapi
vake vamazano vanomwe kundobvunzisisa pamusoro peJudha ne-
Jerusarema maererano noMurayiro waMwari wako, uri muruoko
rwako. 15 Pamusoro pezvo unofanira kutora sirivha negoridhe
rakapiwa namambo namakurukota ake nokuda kwavo kuna Mwari
waIsraeri, iye agere muJerusarema, 16 pamwe chete nesirivha negoridhe
rose raungawana kubva kudunhu reBhabhironi, pamwe chetewo
nezvipo zvavanhu zvavachapa nokuda kwavo nezvavaprista, zvetem-
beri yaMwari wavo muJerusarema. 17 Nemari iyi unofanira kutenga
hando, makondobwe, namakwayana makono, pamwe chete nezvipiriso
zvazvo zvezviyo nezvinonwiwa, uye mugozvibayira paaritari yetemberi
yaMwari muJerusarema.

18 Ipapo iwe nehama dzako vaJudha mungaita zvenyu zvose zva-
munoona zvakafanira nesirivha negoridhe rose rinenge rasara maer-
erano nokuda kwaMwari wenyu. 19 Ipai midziyo yose kuna Mwari we-
Jerusarema iyo yamakapiwa kuti mushumire nayo mutemberi yaMwari
wenyu. 20 Uye zvimwe zvose zvinodiwa patemberi yaMwari wako
zvaunofanira kuendesa kutemberi, unofanira kuzvitora kubva papfuma
yamambo.

21 Zvino ini, Mambo Atazekisesi, ndinorayira vabati vose vehomwe
dzemari mhiri kwaYufuratesi kuti mupe nokushingairira zvose zvin-
gakumbirwa naEzira muprista nomudzidzisi woMurayiro waMwari
wokudenga, 22 kusvikira pamatarenda esirivha zana, nezviyero zana
zvezviyo namabhati zana ewaini, namabhati zana amafuta amaorivhi,
uye nomunyu wose unodiwa. 23 Chinhu chipi nechipi chakarayirwa
naMwari wokudenga, ngachiitwe nokushingaira kutemberi yaMwari
wokudenga. Ko, ushe hwamambo nohwavanakomana vake huchat-
samwireiko? 24 Ndinokuzivisaiwo kuti hamufaniri kuripisa mitero,

nemhando dzose dzemitero, mutero womunhu mumwe nomumwe,
kana mutero wokumuganhu kwenyika, kuvaprista, vaRevhi, vaimbi,
varindi vemikova, navaranda vomutemberi kana vamwe vashandi
vapaimba yaMwari.
25 Uye iwe, Ezira, maererano nouchenjeri hwaMwari wako, hwaunahwo,
ugadze vaongorori vemhosva, navatongi kuti vatonge nokururamisira
vanhu vose vari mhiri kwaYufuratesi, vose vanoziva mirayiro
yaMwari wako. Uye unofanira kudzidzisa vose vasingaizivi.
26 Ani naani asingateereri murayiro waMwari wako uye nomurayiro
wamambo, zvirokwazvo anofanira kurangwa norufu, kana kudzingwa,
kana kutorerwa pfuma, kana kuiswa mutorongo.
27 Jehovha ngaarumbidzwe, Mwari wamadzibaba edu, uyo akaisa izvi
mumwoyo mamambo, kuti auyise kukudzwa kuimba yaJehovha muJerusarema
nenzira yakadai, 28 uye akandiitira nyasha dzake dzakanaka
pamberi pamambo namakurukota ake namachinda ake ose ane simba.
Nokuti ruoko rwaJehovha Mwari wangu rwakanga rwuri pamusoro
pangu, ndikashinga uye ndikakoka varume vaikudzwa pakati pavaIsraeri
kuti vaende neni.

# 8

*Kunyorwa kwaMazita aVakuru veMhuri Vakadzokera naEzira*

1 Ava ndivo vakuru vemhuri naavo vakanyorwa pamwe chete navo vakauya pamwe chete neni kubva kuBhabhironi panguva yokutonga kwaMambo Atazekisesi:

2 kuzvizvarwa zvaFinehasi,
Gerishomi;
kuzvizvarwa zvaItamari,
Dhanieri;
kuzvizvarwa zvaDhavhidhi,
Hatushi 3 akabva kuzvizvarwa zvaShekania;
kuzvizvarwa zvaParoshi,
Zekaria, uye pamwe chete naye kwakanyorwa varume zana namakumi mashanu;
4 kuzvizvarwa zvaPahati-Moabhu,
Eriehoenai mwanakomana waZekaria, uye pamwe chete naye varume mazana maviri;
5 kuzvizvarwa zvaZatu,
Shekania mwanakomana waJahazieri, uye pamwe chete naye varume mazana matatu;
6 kuzvizvarwa zvaAdhini,
Ebhedhi mwanakomana waJonatani, uye pamwe chete naye varume makumi mashanu;
7 kuzvizvarwa zvaEramu,
Jeshaya mwanakomana waAtaria uye pamwe chete naye varume makumi manomwe;
8 kuzvizvarwa zvaShefatia,
Zebhadhia mwanakomana Mikaeri, uye pamwe chete naye varume makumi masere;
9 kuzvizvarwa zvaJoabhu,
Obhadhia mwanakomana waJehieri, uye pamwe chete naye varume mazana maviri negumi navasere;
10 kuzvizvarwa zvaBhani,

Sheromiti mwanakomana waJosifia, uye pamwe chete naye varume zana namakumi matanhatu;
11 kuzvizvarwa zvaBhebhai,
Zekaria mwanakomana waBhebhai, uye pamwe chete naye varume makumi maviri navasere;
12 kuzvizvarwa zvaAzigadhi,
Johanani mwanakomana waHakatani, uye pamwe chete naye varume zana negumi;
13 kuzvizvarwa zvaAdhonikami,
ivo vokupedzisira, mazita avo vaiti Erifereti, Jeuyeri naShemaya, uye pamwe chete navo varume makumi matanhatu;
14 kuzvizvarwa zvaBhigivhai,
Utai naZakuri, uye pamwe chete navo varume makumi manomwe.

*Kudzokera kwevakanga vatapwa kuJerusarema*

15 Ndakavaunganidza vose parwizi runoerera rwakananga kuAhavha,
uye takagarapo pamisasa kwamazuva matatu. Pandakacherechedza
pakati pavanhu navaprista, handina kuona vaRevhi pakati pavo.
16 Nokudaro ndakadana Eriezeri, Arieri, Shemaya, Erinati, Jaribhi, Eri-
natani, Natani, Zekaria, naMeshurami, avo vakanga vari vatungamiri na-
Joyaribhi naErinatani, avo vakanga vari varume vakadzidza, 17 uye ndaka-
vatuma kuna Idho, mutungamiri womuKasifia. Ndakavaudza zvokutaura
kuna Idho nehama dzake, varanda vomutemberi muKasifia, kuitira kuti
vagouya navashandi vomumba maMwari wedu kwatiri. 18 Nokuti ruoko
rwenyasha rwaMwari wedu rwakanga rwuri pamusoro pedu, vakauya
naSherebhia, murume aiva nounyanzvi, akabva kuzvizvarwa zvaMari,
mwanakomana waRevhi, mwanakomana waIsraeri, uye navanakomana
vaSherebhia nehama dzake, varume gumi navasere, 19 uye Hashabhia,
pamwe chete naJeshaya aibva kuzvizvarwa zvaMerari, nehama dzake
navana vavo, varume makumi maviri. 20 Vakauyawo navaranda vo-
mutemberi mazana maviri namakumi maviri, uwandu hwakanga hwany-
orwa naDhavhidhi namakurukota kuti vabatsire vaRevhi. Vose vakanga
vakanyorwa mazita avo.

21 Ipapo, paRwizi rweAhavha, ndakatara nguva yokutsanya kuti
tizvininipise pamberi paMwari wedu uye kuti timukumbire kuti atifam-
bise rwendo rwakanaka isu navana vedu nepfuma yedu yose. 22 Nokuti
ndakanyara kukumbira mambo kuti atipe varwi navatasvi vamabhiza kuti
vatirwire kubva kuvavengi vedu parwendo nokuti takanga taudza mambo
kuti, "Ruoko rwenyasha rwaMwari wedu rwuri pamusoro pomunhu wose
anotarira kwaari." 23 Naizvozvo takatsanya uye tikanyengetera kuna
Mwari wedu pamusoro paizvozvi, uye akapindura munyengetero wedu.

24 Ipapo ndakatsaura vaprista vaitungamira gumi navaviri, pamwe chete
naSherebhia, naHashabhia uye nehama dzavo gumi, 25 uye ndakavaer-
era zvipiriso zvesirivha negoridhe nemidziyo yakanga yapiwa kuimba
yaMwari wedu namambo navapi vake vamazano namakurukota ake
uye navaIsraeri vose. 26 Ndakavaerera matarenda mazana matanhatu
namakumi mashanu* esirivha, nemidziyo yesirivha yairema matarenda
zana†, namatarenda zana egoridhe, 27 mbiya dzegoridhe makumi maviri
dzaikosha madhariki chiuru chimwe chete‡, uye nemidziyo miviri
yakaisvonaka yendarira yaibwinya, inokosha segoridhe.

* **8:26** 8:26 matani angaita 22 † **8:26** 8:26 matani angaita 3.4 ‡ **8:27** 8:27 makirogiramu angaita 8.5

28 Ndakati kwavari, "Imi pamwe chete nemidziyo iyi makatsaurirwa
Jehovha. Sirivha negoridhe ndizvo zvipo zvokupa nokuzvisarudzira kuna
Jehovha, Mwari wamadzibaba enyu. 29 Muzvirinde zvakanaka kusvikira
mazviyera pamberi pavakuru vavaprista navaRevhi uye navakuru
vemhuri dzavaIsraeri paJerusarema mumakamuri eimba yaJehovha."
30 Ipapo vaprista navaRevhi vakagamuchira sirivha negoridhe nemidziyo
mitsvene yakanga yaerwa kuti iendeswe kuimba yaMwari wedu mu-
Jerusarema.

31 Pazuva regumi namaviri romwedzi wokutanga takabva parwizi rweA-
havha tichienda kuJerusarema. Ruoko rwaMwari rwakanga rwuri pamu-
soro pedu, uye akatidzivirira kubva kuvavengi navakanga vakativandira
panzira. 32 Saka takasvika muJerusarema tikazororamo kwamazuva
matatu.

33 Pazuva rechina, muimba yaMwari takayera sirivha negoridhe ne-
midziyo mitsvene mumaoko aMeremoti mwanakomana waUria, muprista.
Ereazari mwanakomana waFinehasi akanga aripowo naye, uye navaRevhi
vanoti Jozabhadhi mwanakomana waJeshua naNoadhia mwanakomana
waBhinui. 34 Zvinhu zvose zvakaverengwa uwandu hwazvo uye zvikay-
erwa, uye uremu hwazvo zvose hwakanyorwa panguva iyoyo.

35 Ipapo vatapwa vakanga vadzoka kubva kuutapwa vakabayira
zvipiriso zvinopiswa kuna Mwari waIsraeri: hando gumi nembiri
dzavaIsraeri vose, makondobwe makumi mapfumbamwe namatanhatu,
namakwayana makono makumi manomwe namanomwe, uye nhongo
dzembudzi gumi nembiri, sechipiriso chechivi. Zvose izvi zvaiva chipiriso
chinopiswa kuna Jehovha. 36 Vakapawo zvirevo zvamambo kumachinda
amambo uye navabati mhiri kwaYufuratesi, avo vakazopawo rubatsiro
kuvanhu nokuimba yaMwari.

# 9

### *Munyengetero waEzira pamusoro poKuwana Vakadzi Vokumwe*

1 Mushure mokunge zvinhu izvi zvose zvaitwa, vatungamiri vakauya
kwandiri vakati, "Vanhu veIsraeri, zvichisanganisira vaprista navaRevhi,
havana kuzvitsaura kubva kumarudzi avakavakidzana nawo nezvi-
nonyangadza zvavo, zvakafanana nezvevaKenani, vaHiti, vaPerizi, va-
Jebhusi, vaAmoni, vaMoabhu, vaIjipita uye navaAmori. 2 Vakatora
vanasikana vavo vakavapa kuti vave vakadzi vavo uye nevevanakomana
vavo, uye vakasanganisa rudzi rutsvene navanhu vakavapoteredza. Uye
vatungamiri namakurukota ndivo vakatanga pakusatendeka uku."

3 Zvino ndakati ndichinzwa izvi, ndakabvarura nguo yangu nejasi
rangu, ndikadzura bvudzi kubva mumusoro mangu nendebvu dzangu
uye ndikagara pasi ndashungurudzika. 4 Ipapo vose vakadedera nokuda
kwamashoko aMwari waIsraeri vakauya vakaungana pandiri nokuda
kwokusatendeka kwavatapwa. Uye ndakagarapo ndakashungurudzika
kusvikira nguva yechibayiro chamadekwana.

5 Zvino, panguva yechibayiro chamadekwana, ndakasimuka kubva
pakuzvininipisa kwangu, nenguo nejasi rangu zvakabvaruka, uye
ndikawira pasi namabvi angu ndikatambanudzira maoko angu kuna
Jehovha Mwari wangu 6 ndikanyengetera, ndichiti:

"Haiwa Mwari wangu, ndinonyara uye handisakafanira kuti ndis-
imudze maoko nechiso changu kwamuri, Mwari wangu, nokuti zvivi
zvedu zvakakura kupfuura misoro yedu uye mhosva yedu yasvika

kumatenga. 7 Kubva pamazuva amadzitateguru edu kusvikira zvino,
mhosva yedu yakura kwazvo. Nokuda kwezvivi zvedu, isu namadzimambo edu uye navaprista vedu takaiswa kumunondo nokuutapwa, nokuparadzwa nokuninipiswa paruoko rwamadzimambo avatorwa sezvazviri nhasi.
8 "Asi zvino, kwenguva duku duku, Jehovha Mwari wedu atiitira nyasha nokutisiyira vakasara uye nokutipa nzvimbo yakasimba muimba yake tsvene, naizvozvo Mwari wedu anopa chiedza kumeso edu uye norusununguko ruduku muuranda hwedu. 9 Kunyange zvedu tiri
varanda, Mwari wedu haana kutisiya tiri muuranda hwedu. Akatinzwira tsitsi pamberi pamadzimambo ePezhia: Akatipa, upenyu hutsva kuti tivakezve imba yaMwari wedu nokugadzira matongo ayo, uye atipa rusvingo rwokutidzivirira muJudha nomuJerusarema.
10 "Asi zvino, nhai Mwari wedu, tichatiiko mushure meizvi? Nokuti
takarasa mirayiro 11 yamakapa kubudikidza navaranda venyu vaprofita
pamakati, 'Nyika yamuri kupinda kuti ive yenyu inyika yakasvibiswa nokuora kwavanhu vayo. Nezvinonyangadza zvavo vakaizadza noutsvina hwavo kubva kuno rumwe rutivi kusvika kuno rumwe rutivi.
12 Naizvozvo, musapa vanasikana venyu kuti vawanikwe navanakomana vavo kana kutora vanasikana vavo kuti vawanikwe navanakomana venyu. Musaita chibvumirano kana ushamwari navo panguva ipi zvayo, kuitira kuti musimbe uye mudye zvinhu zvakanaka zvenyika uye mugoisiyira kuvana venyu senhaka isingaperi.'
13 "Zvakaitika kwatiri zvakaitika nokuda kwamabasa edu akaipa nemhosva yedu huru, asi kunyange zvakadaro, imi Mwari wedu makatiranga zvishoma kupfuura zvaikodzera zvivi zvedu uye makatipa
vakasara vakadai. 14 Tingaputsazve here mirayiro yenyu nokuwanana
namarudzi anoita zvinhu zvinonyangadza zvakadai? Hamungatitsamwiri zvakafanira kutiparadza, muchitisiya pasina mupenyu kana
angasara here? 15 Imi Jehovha, Mwari waIsraeri, makarurama! Tasara
nhasi isu sevakasara. Zvino tiri pano pamberi penyu nemhosva yedu, kunyange pasina kana mumwe chete wedu angamira pamberi penyu nokuda kwechivi ichi."

# 10

*Vanhu Vanoreurura Chivi Chavo*

1 Ezira paakanga achinyengetera achireurura, achichema uye achizviwisira pasi pamberi peimba yaMwari, ungano huru huru yavarume, vakadzi navana vavaIsraeri yakaungana paari. Naivowo vakachema
zvikuru kwazvo. 2 Ipapo Shekania mwanakomana waJehieri, mumwe
wezvizvarwa zvaEramu, akati kuna Ezira, "Takatadzira Mwari wedu nokuwana vakadzi vatorwa kubva kundudzi dzakatipoteredza. Asi kun-
yange zvakadaro, Israeri ichine tariro. 3 Zvino ngatiitei sungano pamberi
paMwari wedu kuti tidzinge vakadzi ava vose navana vavo, maererano nezvakarayirwa naishe wangu naavo vanotya mirayiro yaMwari wedu.
Ngazviitwe maererano nomurayiro. 4 Simuka; nyaya iyi yava mumaoko
ako. Tichamira newe, saka, tsunga mwoyo uzviite."
5 Saka Ezira akasimuka akaisa pamhiko vaprista vaitungamira navaRevhi uye navaIsraeri vose kuti vaite zvakanga zvarehwa. Uye
vakaita mhiko. 6 Ipapo Ezira akabva pamberi peimba yaMwari akaenda
kukamuri raJehohanani mwanakomana waEriashibhi. Paakanga ari ikoko haana kudya zvokudya kana kunwa mvura nokuti akaramba achichema nokuda kwokusatendeka kwavatapwa.

[7] Chiziviso chakadanidzirwa muJudha mose nomuJerusarema kuti vat-
apwa vose vaungane muJerusarema. [8] Ani naani aizokundikana kusvika
mumazuva matatu aizotorerwa pfuma yake yose, maererano nokurayira
kwamachinda navakuru, uye naiyewo aibva adzingwa kubva paungano
yavatapwa.

[9] Mukati mamazuva matatu, varume vose veJudha neBhenjamini
vakanga vaungana muJerusarema. Uye pazuva ramakumi maviri
romwedzi wechinomwe, vanhu vose vakagara pachivara pamberi pe-
imba yaMwari, vakasuwa zvikuru nokuda kwechiitiko ichi uye nokuda
kwemvura yakanga ichinaya. [10] Ipapo Ezira muprista akasimuka akati
kwavari, “Makatadza; makawana vakadzi vatorwa, mukawedzera mhosva
yaIsraeri. [11] Zvino reururai kuna Jehovha, iye Mwari wamadzibaba
enyu, uye mugoita kuda kwake. Zvitsaurei kubva kumarudzi avanhu
akakupoteredzai uye kubva kuvakadzi venyu vatorwa.”

[12] Ungano yose yakapindura nenzwi guru ikati, “Zvamataura ndizvo!
Tinofanira kuita sezvamataura. [13] Asi pane vanhu vakawanda pano
uye inguva yokunaya kwemvura; saka hatingamire panze. Pamusoro
pezvo basa iri harigoni kuitwa nezuva rimwe chete kana mazuva
maviri, nokuti takatadza zvikuru nokuda kwechinhu ichi. [14] Machinda
edu ngavamiririre ungano yose. Ipapo mumwe nomumwe mumaguta
edu akawana mukadzi mutorwa auye panguva dzakatarwa, pamwe
chete navakuru navatongi veguta rimwe nerimwe, kusvikira kutsamwa
kwaMwari kukuru kwabviswa kwatiri.” [15] Jonatani mwanakomana
waAsaeri naJazeya mwanakomana waTikivha, vachitsigirwa naMeshu-
rami naShabhetai muRevhi, ndivo chete vakapikisa izvi.

[16] Nokudaro vakanga vambotapwa vakaita zvakanga zvataurwa. Ezira
muprista akasarudza varume vakanga vari vakuru vemhuri, mumwe
chete kubva kumhuri yamadzibaba avo, uye vose vachizivikanwa
namazita avo. Pazuva rokutanga romwedzi wegumi vakagara pasi
vakatanga kuferefeta nyaya idzi, [17] uye pazuva rokutanga romwedzi
wokutanga vakanga vapedza kutonga varume vose vakanga vawana
vakadzi vatorwa.

### *Mhosva yoKuwana Vakadzi Vatorwa*

[18] Pakati pezvizvarwa zvavaprista, ava ndivo vakanga vawana vakadzi vatorwa:

Kubva kuzvizvarwa zvaJeshua mwanakomana waJozadhaki nehama dzake:

Maaseya, Eriezeri, Jaribhu naGedharia.

[19] (Vose vakapika namaoko avo kuti vachadzinga vakadzi vavo, uye pamhosva dzavo mumwe nomumwe wavo akapa gondobwe kubva pamakwai ake sechipiriso chechivi.)

[20] Kubva kuzvizvarwa zvaImeri:

Hanani naZebhadhia.

[21] Kubva kuzvizvarwa zvaHarimu:

Maaseya, Eria, Shemaya, Jehieri naUzia.

[22] Kubva kuzvizvarwa zvaPashuri:

Erioenai, Maaseya, Ishumaeri, Netaneri, Jozabhadhi naErasa.

[23] Pakati pavaRevhi:

Jozabhadhi, Shimei, Keraya (ndiye ainzi Kerita), Petahia, Judha naEriezeri.

24 Kubva kuvaimbi:
Eriashibhi.
Kubva kuvarindi vemikova:
Sharumi, Teremi naUri.

25 Uye pakati pavamwe vaIsraeri:
Kubva kuzvizvarwa zvaParoshi:
Ramia, Izia, Marikiya, Mijamini, Ereazari, Marikiya naBhenaya.
26 Kubva kuzvizvarwa zvaEramu:
Matania, Zekaria, Jehieri, Abhidhi, Jeremoti naEria.
27 Kubva kuzvizvarwa zvaZatu:
Erioenai, Eriashibhi, Matania, Jeremoti, Zabhadhi naAziza.
28 Kubva kuzvizvarwa zvaBhebhai:
Jehohanani, Hanania, Zabhai naAtirai.
29 Kubva kuzvizvarwa zvaBhani:
Meshurami, Maruki, naAdhaya, naJashubhi, naSheari naJeremoti.
30 Kubva kuzvizvarwa zvaPahati Moabhu:
Adhima, Kerari, Bhenaya, Maaseya, Matania, Bhezareri, Bhinui naManase.
31 Kubva kuzvizvarwa zvaHarimu:
Eriezeri, Ishiya, Marikiya, Shemaya, Shimeoni, 32 Bhenjamini, Maruki naShemaria,
33 Kubva kuzvizvarwa zvaHashumi:
Matenai, Matata, Zabhadhi, Erifereti, Jeremai, Manase naShimei.
34 Kubva kuzvizvarwa zvaBhani:
Maadhai, Amurami, Ueri, 35 Bhenaya, Bhedheya, Keruhi, 36 Vhania,
Meremoti, Eriashibhi, 37 Matania, Matenai naJaasu.
38 Kubva kuzvizvarwa zvaBhinui:
Shimei, 39 Sheremia, Natani, Adhaya, 40 Makinadhebhai, Shashai,
Sharai, 41 Azareri, Sheremia, Shemaria, 42 Sharumi, Amaria naJosefa.
43 Kubva kuzvizvarwa zvaNebho:
Jeyeri, Matitia, Zabhadhi, Zebhina, Jadhai, Joere naBhenaya.

44 Vose ava vakanga vawana vakadzi vatorwa, uye vamwe vavo vakanga vava navana navakadzi ava.

# NEHEMIA

*Munyengetero waNehemia*
1 Mashoko aNehemia mwanakomana waHakaria:

Mumwedzi waKisirevhi mugore ramakumi maviri, pandainge ndiri pan-
hare yeSusa, 2 Hanani, mumwe wehama dzangu, akauya achibva kuJudha
navamwe varume, ndikavabvunza pamusoro pavaJudha vakasara avo
vakapunyuka pakutapwa, uyewo napamusoro peJerusarema.
3 Vakati kwandiri, "Avo vakapunyuka pakutapwa uye vakadzokera
kudunhu vari mudambudziko guru napakunyadziswa. Rusvingo rwe-
Jerusarema rwakakoromorwa, uye masuo arwo akapiswa nomoto."
4 Pandakanzwa zvinhu izvi, ndakagara pasi ndikachema. Ndakaita
mazuva ndichichema, ndichinyengetera uye ndichitsanya pamberi
paMwari wokudenga. 5 Ipapo ndakati:

"Haiwa Jehovha, Mwari wokudenga, Mwari mukuru uye anotyisa
anochengeta sungano yake yorudo naavo vanomuda uye vanoteerera
mirayiro yake, 6 nzeve yenyu ngaiteerere uye meso enyu asvinure
kuti munzwe munyengetero womuranda wenyu wandinonyengetera
pamberi penyu masikati nousiku nokuda kwavaranda venyu, vanhu
veIsraeri. 7 Takaita zvakaipa kwazvo pamberi penyu. Hatina kuteerera
zvamakarayira, mitemo yenyu nemirayiro yamakapa Mozisi muranda
wenyu.

8 "Rangarirai zvamakarayira muranda wenyu Mozisi, muchiti, 'Kana
musina kutendeka, ndichakuparadzirai pakati pendudzi, 9 asi kana
mukadzokera kwandiri uye mukateerera zvandakarayira, ipapo kun-
yange kana vakatapwa vavanhu venyu vari kumagumo edenga,
ndichavaunganidza vabveko ndigovauyisa kunzvimbo yandakasarudza
kuti ive ugaro hweZita rangu.'

10 "Varanda venyu nevanhu venyu, vamakadzikinura nesimba renyu
guru uye noruoko rwenyu rune simba. 11 Haiwa Jehovha, nzeve yenyu
ngainzwe munyengetero womuranda wenyu uyu nomunyengetero
wavaranda venyu vanofarira kukudza zita renyu. Itai kuti muranda
wenyu abudirire nhasi uye mumupe nyasha pamberi pomurume uyu."

Ndakanga ndiri mudiri wamambo.

# 2

*Atazekisesi anotumira Nehemia kuJerusarema*
1 Mumwedzi waNisani mugore ramakumi maviri raMambo Atazekisesi,
panguva yaakavigirwa waini, ndakatora waini ndikapa kuna mambo.
Handina kumbenge ndambosuruvara zvakadai pamberi pake. 2 Saka
mambo akandibvunza akati, "Ko, chiso chako chinoratidza kusuwa seiko
iwe usingarwari? Hapangavi nechimwe chinhu asi shungu dzomwoyo
bedzi."

Ndakatya kwazvo, 3 asi ndakati kuna mambo, "Mambo ngaararame
nokusingaperi! Ko, chiso changu chingatadza kupunyaira seiko kana
guta rakavigwa madzibaba angu rava dongo uye masuo aro aparadzwa
nomoto?"

4 Mambo akati kwandiri, “Chii chauri kuda?”
Ipapo ndakanyengetera kuna Mwari wokudenga, 5 ndikapindura
mambo ndichiti, “Kana zvichifadza mambo uye kana muranda wenyu
awana nyasha pamberi pake, mambo ngaanditumire kuguta riri kuJudha
kwakavigwa madzibaba angu kuitira kuti ndinorivakazve.”

6 Ipapo mambo, navahosi vakagara parutivi pake, akandibvunza akati,
“Rwendo rwako runotora mazuva mangani, uye uchadzoka rinhi?”
Naizvozvo zvakafadza mambo kuti anditume; saka ndakatara nguva.

7 Ndakatizve kwaari, “Kana mambo achifadzwa nazvo, ndingapiwawo
tsamba here dzinoenda kuvabati vari mhiri kwaYufuratesi, kuitira kuti
vagondipa mvumo yokupfuura kusvikira ndasvika muJudha? 8 Uye
ndinokumbirawo tsamba inoenda kuna Asafi, muchengeti wesango ra-
mambo, kuitira kuti azondipa matanda okuchinjika pamusoro pamasuo
enhare iri patemberi uye neorusvingo rweguta neeimba yandichagara?”
Mambo akandipa zvandakakumbira, nokuti ruoko rwenyasha rwaMwari
wangu rwaiva pamusoro pangu. 9 Saka ndakaenda kuvabati vaiva mhiri
kwaYufuratesi ndikavapa tsamba dzamambo. Zvino mambo akanga
atumawo pamwe chete neni vakuru vehondo navatasvi vamabhiza.

10 Sanibharati muHoroni naTobhia muranda wavaAmoni pavakazv-
inzwa vakashatirwa kwazvo vachiti kwauya mumwe anoda kusimudzira
magariro akanaka avaIsraeri.

### *Nehemia anoongorora Masvingo eJerusarema*

11 Naizvozvo ndakaenda kuJerusarema ndikagarako kwamazuva
matatu. 12 Ndakamuka usiku navarume vashoma shoma. Ndakanga
ndisina kumboudza munhu zvakanga zvaiswa mumwoyo mangu naMwari
wangu kuti ndiite muJerusarema. Pakanga pasina chimwe chipfuwo
kunze kwechandakanga ndakatasva.

13 Ndakabuda usiku ndikapinda napaSuo roMupata ndakananga nokuT-
sime reShato nokuSuo raMarara, ndichiongorora masvingo eJerusarema,
akanga akoromorwa, uye masuo awo, akanga aparadzwa nomoto.
14 Ipapo ndakapfuurira mberi ndakananga kuSuo reTsime nokuDziva
raMambo, asi pakanga pasina nzvimbo yokupinda nechipfuwo changu;
15 saka ndakakwidza nokumupata nousiku, ndichiongorora rusvingo.
Pakupedzisira, ndakadzoka ndikapindazve napakati peSuo roMupata.
16 Vabati havana kuziva kwandakanga ndaenda kana zvandakanga
ndichiita, nokuti ndakanga ndisati ndambotaura chinhu kuvaJudha kana
kuvaprista kana vakuru kana vabati, kana vamwewo zvavo vaizoita basa.

17 Ipapo ndakati kwavari, “Muri kuona dambudziko ratinaro here:
Jerusarema rava dongo, uye masuo aro akapiswa nomoto. Uyai,
ngativakeizve rusvingo rweJerusarema, kuti tisazonyadziswazve.”
18 Ndakavaudza pamusoro poruoko rwenyasha rwaMwari wangu rwaiva
pamusoro pangu uye zvakanga zvataurwa namambo kwandiri.
Ivo vakati, “Ngatitangei kuvaka.” Saka vakatanga basa rakanaka iri.

19 Asi Sanibharati muHoroni, naTobhia muranda wavaAmoni
naGeshemu muArabhu vakati vazvinzwa, vakatiseka uye vakatizvidza.
Vakatibvunza vachiti, “Chiiko ichi chamuri kuita? Muri kumukira mambo
kanhi?”

20 Ndakavapindura ndikati, “Mwari wokudenga achaita kuti tibudirire.
Isu varanda vake tichatanga kuvaka asi kana murimi, hamuna mugove
kana simba kana chirangaridzo paJerusarema.”

# 3

*Vavaki voRusvingo*

1 Zvino Eriashibhi muprista mukuru navamwe vaprista vakaenda
kundoshanda uye vakavakazve Suo raMakwai. Vakarikumikidza vakaisa
makonhi panzvimbo yawo, vakarivaka kunosvika paShongwe yeZana, iyo
yavakakumikidza, kusvikira paShongwe yaHananeri. 2 Varume veJeriko
vakavaka chikamu chaiva pedyo, uye Zakuri mwanakomana waImuri
akavaka parutivi pavo.

3 Suo reHove rakavakwa navanakomana veHasenaya. Vakaisa
matanda okuchinjika vakaisa makonhi aro namabhaudhi uye namazariro
panzvimbo yawo. 4 Meromoti mwanakomana waUria, mwanakomana
waHakozi akagadzira chikamu chaitevera. Aimutevera pakugadzira aiva
Meshurami mwanakomana waBherekia, mwanakomana waMeshebhez-
eri, uye aitevera mushure make, Zadhoki mwanakomana waBhaana,
akagadzirawo. 5 Chikamu chaitevera chakagadzirwa navarume veTekoa,
asi vakuru vavo vakangopeta maoko avo vakasashandira Ishe wavo.

6 Suo raJeshana rakagadzirwa naJoyadha mwanakomana waPasea
naMeshurami mwanakomana waBhesodheya. Vakaisa matanda aro
okuchinjika ndokuisa makonhi namabhaudhi namazariro panzvimbo
yawo. 7 Zvakatevera pakugadzirwa zvakaitwa navarume vaibva kuGib-
heoni neMizipa, naMeratia weGibheoni uye naJadhoni wokuMeronoti,
nzvimbo dzaiva pasi pomubati wemhiri kweYufuratesi. 8 Uzieri mwanako-
mana waHaraya, mumwe wavapfuri vegoridhe, akagadzira chikamu
chaitevera; uye Hanania, mumwe wavavhenganisi vezvinonhuhwira,
akagadzira chikamu chaitevera ichocho. Vakavandudza Jerusarema
kudzamara vasvika parusvingo rwakapamhama. 9 Refaya mwanako-
mana waHuri, mutongi wehafu yerimwe dunhu reJerusarema, aka-
gadzira chikamu chaitevera. 10 Pakabatana navo, Jedhaya mwanako-
mana waHarumafi akagadzira chikamu chakatarisana neimba yake, uye
Hatushi mwanakomana waHashabheneya akagadzira chikamu chaitev-
era. 11 Marikiya mwanakomana waHarimu naHashubhi mwanakomana
waPahati-Moabhu vakagadzira chimwe chikamu uye neShongwe yeMa-
hovhoni. 12 Sharumi mwanakomana waHaroheshi, mutongi wehafu yer-
imwe dunhu reJerusarema, akagadzira chikamu chaitevera achibatsirwa
navanasikana vake.

13 Suo roMupata rakagadzirwa naHanuni navagari veZanoa. Vakari-
vaka patsva ndokuisa makonhi aro namabhaudhi nemazariro esimbi
panzvimbo yawo. Vakagadzirawo makubhiti chiuru chimwe* orusvingo
kudzamara vasvika paSuo reNdove.

14 Marikiya mwanakomana waRekabhi, mutongi wedunhu reBheti
Hakeremu, akagadzira Suo reNdove. Akarivaka patsva ndokuisa makonhi
aro namabhaudhi namazariro panzvimbo yawo.

---

* **3:13** 3:13 mamita angaita 450

15 Suo reTsime rakagadzirwa naSharuni mwanakomana waKori-Hoze,
mutongi wedunhu reMizipa. Akarivaka patsva ndokuisa denga na-
makonhi aro namabhaudhi uye akaisa nemazariro panzvimbo yawo. Aka-
gadzirazve rusvingo rweDziva reSiroami, paBindu raMambo kusvikira pa-
matanho anoburukira kuGuta raDhavhidhi. 16 Akamutevera ndiNehemia
mwanakomana waAzubhuki mutongi wehafu yedunhu reBheti Zuri,
akagadzira kusvikira panzvimbo yakatarisana nemakuva aDhavhidhi
kusvikira padziva nokuImba yeMhare.

17 VaRevhi vaiva pasi paRehumi mwanakomana waBhani vakamutevera
pakugadzira. Parutivi pake, Hashabhia, mutongi wehafu yedunhu reKeira,
akaita mabasa okugadzira panzvimbo yedunhu rake. 18 Vaimutevera
pakugadzira, vanhu venyika yavo vaiva pasi paBhinui mwanakomana
waHenadhadhi, mutongi weimwe hafu yeKeira. 19 Aimutevera ndiEz-
eri mwanakomana waJeshua, mutongi weMizipa, akagadzira chimwe
chikamu kubva pamukwidza wakatarisana neimba yezvombo zvehondo
kusvikira pakona. 20 Bharuki mwanakomana waZabhai akamutevera,
akagadzira chimwe chikamu nomwoyo wose kubva pakona zvichienda
pamusuo weimba yaEriashibhi muprista mukuru. 21 Aimutevera,
ndiMeromoti mwanakomana waUria, mwanakomana waHakozi, aka-
gadzira chimwe chikamu, kubva pamusuo weimba yaEriashibhi kusvikira
painoguma.

22 Zvakagadzirwa mumashure make zvakaitwa navaprista vaibva
mudunhu rakapoteredza. 23 Mumashure mavo, Bhenjamini naHashubhi
vakazogadzira mberi kweimba yavo; uye aivatevera, Azaria mwanako-
mana waMaaseya, mwanakomana waAnania, akagadzira parutivi pe-
imba yake. 24 Aimutevera, Bhinui mwanakomana waHanadhadhi ak-
agadzira chimwe chikamu, kubva paimba yaAzaria kusvikira pakona
nokune imwezve kona, 25 uye Parari mwanakomana waUzia akashanda
pakatarisana nepakona uye napashongwe inobuda ichibva kumuzinda
wokumusoro pedyo noruvazhe rwavarindi. Aimutevera, Pedhaya
mwanakomana waParoshi 26 navashandi vomutemberi vaigara pamusoro
pegomo reOferi vakagadzira kusvikira panzvimbo yakatarisana neSuo
reMvura kwakananga kumabvazuva uye napanobudikira neshongwe.
27 Vaivatevera, varume veTekoa vakagadzira chimwe chikamu, kubva
panobuda shongwe huru kusvikira kurusvingo rweOferi.

28 Vaprista vakagadzira pamusoro peSuo raMabhiza, mumwe no-
mumwe pamberi peimba yake. 29 Aivatevera, Zadhoki mwanakomana
waImeri akagadzira pakatarisana neimba yake. Aimutevera ndiShemaya
mwanakomana waShekania, murindi wokuSuo rokuMabvazuva, ane
zvaakagadzira. 30 Vaimutevera, Hanania mwanakomana waSheremia
naHanuni, mwanakomana wechitanhatu waZarafu, ndivo vakagadzira
chimwe chikamu. Aimutevera, Meshurami mwanakomana waBherekia
akagadzira pakatarisana nepaaigara. 31 Mumashure make Marikiya,
mumwe wavapfuri vegoridhe, akagadzira kusvikira kuimba yavashandi
vetemberi navatengesi, pakatarisana neSuo Rokuongorora, uye kusvikira
paimba iri pamusoro pekona; 32 uye pakati peimba iri pamusoro pekona
neSuo raMakwai, vapfuri vegoridhe navatengesi ndivo vakapagadzira.

# 4

*Vavengi vanotsoropodza Kuvakwa kwoRusvingo*

1 Zvino Sanibharati paakanzwa kuti takanga tava kuvakazve rusvingo,
akatsamwa uye akava nehasha kwazvo. Akashora vaJudha 2 pamberi
pehama dzake nehondo yeSamaria, achiti, “Ko, vaJudha avo vasina simba
vari kuiteiko? Ko, vachavakazve rusvingo rwavo here? Vachapa zvibayiro
here? Vachapedza nezuva rimwe chete here? Ko, vangadzorera upenyu
pamatombo ayo akaunganidzwa, akatsva sezvaakaita izvi here?”

3 Tobhia muAmoni, aiva parutivi pake, akati, “Chavari kuvaka ichi,
kana dai gava raikwira pamusoro pacho, raitokoromora rusvingo rwavo
rwamatombo!”

4 Haiwa, Mwari wedu, tinzwei, nokuti tiri kuzvidzwa. Dzorerai kutuka
kwavo pamusoro pavo. Ngavave sevakapambwa munyika yenhapwa.
5 Musafukidza kuipa kwavo kana kudzima zvivi zvavo pamberi penyu,
nokuti vakakusha mashoko okutuka pamberi pavavaki.

6 Saka takavakazve rusvingo kudzamara rwose rwasvika pahafu yokuk-
wirira kwarwo, nokuti vanhu vaishanda nemwoyo yavo yose.

7 Asi Sanibharati, Tobhia, navaArabhu, navaAmoni navarume veAshid-
hodhi, vakati vanzwa kuti masvingo eJerusarema ari kugadzirwa, uye kuti
makakoromoka maivakwa pakare, vakatsamwa kwazvo. 8 Vakarangana
vose pamwe chete kuti vazorwa neJerusarema uye kuti varimutsire
mhirizhonga. 9 Asi takanyengetera kuna Mwari wedu tikaisawo varindi
masikati nousiku kuti vapedze dambudziko rokutyisidzira uku.

10 Zvichakadaro, vanhu vokwaJudha vakati, “Simba ravabati riri kupera,
uye pachine mangwandangwanda akawanda zvokuti hatingakwanisi
kuvakazve rusvingo.”

11 Uyezve vavengi vedu vakati, “Vasati vazviziva kana kutiona,
tichatenge tavapo pakati pavo uye tichavauraya tigoparadza basa ravo.”

12 Ipapo vaJudha vakanga vagere pedyo navo vakauya vakatitaurira
rune gumi vachiti, “Kupi nokupi kwamuchaenda, vachauya kuzotirwisa.”

13 Naizvozvo ndakaisa vamwe vanhu seri kwenzvimbo dzakaderera
dzorusvingo napanzvimbo dzakashama, ndichivaisa nemhuri dzavo, vane
minondo yavo, namapfumo uye neuta. 14 Mushure mokunge ndatari-
sisa zvinhu izvi, ndakasimuka ndikati kuvakuru, navabati nokuruzhinji
rwavanhu, “Musavatya. Rangarirai Jehovha, iye mukuru, anotyisa, uye
murwire hama dzenyu, vanakomana venyu, navanasikana venyu, vakadzi
venyu nemisha yenyu.”

15 Vavengi vedu pavakanzwa kuti takanga taziva rangano yavo uye kuti
Mwari akanga aikonesa, tose takadzokera kurusvingo, mumwe nomumwe
pabasa rake.

16 Kubva pazuva iro, zvichienda mberi hafu yavanhu vangu vakashanda
basa, asi imwe hafu vakanga vakapakata mapfumo, nhoo, uta nenhumbi
dzokurwa nadzo. Vatariri vakamira mumashure mavanhu vose vokwa-
Judha, 17 vaivaka rusvingo. Avo vaitakura zvokuvakisa vakaita basa ravo
noruoko rumwe uye rumwe ruoko vakabata chombo chokurwisa, 18 uye
muvaki mumwe nomumwe akanga akapfeka munondo wake parutivi, uku
achishanda. Asi munhu airidza hwamanda aiva neni.

19 Ipapo ndakati kuvakuru, navatariri noruzhinji rwavanhu, “Basa
iguru iri uye rapararira, uye isu tanyanya kuparadzana mumwe kubva
kuno mumwe takatevedza rusvingo. 20 Pose pamuchanzwa kurira
kwehwamanda, muuye tibatane ikoko. Mwari wedu achatirwira.”

[21] Saka takafambira mberi nebasa, hafu yavarume yakabata mapfumo,
kubva mambakwedza kusvikira nyeredzi dzichibuda. [22] Panguva iyo
ndakati kuvanhu, "Murume mumwe nomumwe nomubatsiri wake ngaa-
gare mukati meJerusarema panguva dzousiku, kuitira kuti vatibatsire
kushanda savarindi usiku uyezve savashandi masikati." [23] Zvino ini
nehama dzangu kana vanhu vangu kana varindi vaiva neni hatina kubvisa
nguo dzedu; mumwe nomumwe aiva nomunondo wake, kunyange
paaienda kundonwa mvura.

# 5

*Nehemia anobatsira Varombo*

[1] Zvino kwakava nokuchema kukuru kwavarume navakadzi vavo pamu-
soro pehama dzavo vaJudha. [2] Nokuti vamwe vakati, "Isu navanakomana
navanasikana vedu tiri vazhinji; kuti tidye uye kuti tigorarama, tinofanira
kuwana zviyo."

[3] Vamwe vaiti, "Isu takaita minda yedu neminda yedu yemizambiringa
uye nemisha yedu kuti zvive rubatso kuti tiwane zviyo panguva yenzara."

[4] Vamwezve vakati, "Takatozokwereta mari kuti tiripe mutero wa-
mambo weminda yedu neminda yemizambiringa. [5] Kunyange tiri
venyama imwe uye tiri veropa rimwe savanhu venyika yedu, uye
kunyange vanakomana vedu vakangofanana nevavo, takaguma taisa
vanakomana vedu navanasikana vedu kuutapwa. Vamwe vavanasikana
vedu vakatotapwa kare, asi isu hatina simba, nokuti minda yedu neminda
yemizambiringa yava yavamwe."

[6] Pandakanzwa kuchema kwavo kukuru nezvairehwa izvi, ndakat-
samwa kwazvo. [7] Zvino ndakazvirangarira mupfungwa dzangu ipapo
ndikatsiura vakuru navabati ndikati kwavari, "Imi muri kureva mhindu
kuvanhu venyika yenyu!" Saka ndakavakoka kumusangano mukuru kuti
ndivarayire [8] uye ndikati, "Napataigona napo takadzikinura hama dzedu
dzechiJudha avo vakanga vatengeswa kune vedzimwe ndudzi. Zvino
imi mava kutengesa hama dzenyu, kuti dzigotengeswazve kwatiri here?"
Vakanyarara nokuti vakashayiwa chokutaura.

[9] Saka ndakaenderera mberi ndikati, "Zvamunoita hazvina kunaka.
Ko, hamaifanira kufamba mukutya Mwari wedu here kuti vavengi vedu
vechihedheni varege kutishora. [10] Ini nehama dzangu uye navaranda
vangu tiri kukweretesa vanhu mari nezviyo. Asi izvo zvokureva mhindu
ngazvigume! [11] Vadzorerei minda yavo nokukurumidza, neminda yavo
yemizambiringa, neyemiorivhi, nedzimba dzavo uyewo nemhindu ya-
munoripisa, chikamu chimwe chete muzana chemari, zviyo, newaini itsva
uye namafuta."

[12] Ivo vakati, "Tichavadzorera. Uye hatichazorevi chimwe chinhuzve
kubva kwavari. Tichaita sezvamareva."

Ipapo ndakadana vaprista ndikaita kuti vakuru navabati vaite mhiko
kuti vagoita sezvavakanga vavimbisa. [13] Ndakazunzawo mikombero
yenguo yangu ndikati, "Mwari ngaazunze saizvozvi kubva muimba
yake nemidziyo yake, mumwe nomumwe asingachengeti vimbiso iyi.
Naizvozvo, munhu akadai ngaazunzwe asare asina chinhu."

Ipapo ungano yose yakati, "Ameni," uye vakarumbidza Jehovha. Uye
vanhu vakaita sezvavakanga vavimbisa.

[14] Pamusoro pezvo, kubva pagore ramakumi maviri raMambo
Atazekisesi, pandakagadzwa somubati wavo munyika yaJudha, kusvikira
pagore rake ramakore makumi matatu namaviri, makore gumi namaviri,

ini nehama dzangu hatina kudya zvokudya zvaipiwa kumubati. 15 Asi
vabati vokutanga, avo vakanditangira, vairemedza vanhu uye vaitora
kubva kwavari mashekeri makumi mana* esirivha, pamusoro pezvo
vachitorazve zvokudya newaini. Kunyange vabatsiri vavo vairemedzawo
vanhu. Asi ini handina kuita izvozvo nokuti ndaitya Mwari. 16 Panzvimbo
yaizvozvo, ndakazvipira kuita basa iri rorusvingo. Varanda vangu vose
vakanga vakaungana pabasa ipapo; hatina kutombotora minda ipi zvayo.
17 Pamusoro paizvozvo, vaJudha zana namakumi mashanu navabati,
pamwe chete navaHeti vaibva kundudzi dzakatikomberedza, vaidya
patafura yangu. 18 Zuva rimwe nerimwe ndaigadzirirwa nzombe imwe,
makwai akaisvonaka matanhatu nehuku, uye pagumi roga ramazuva
ndaipiwa waini zhinji dzemhando dzose. Kunyange zvakadaro hazvo,
handina kumbokumbira zvokudya zvomubati, nokuti mitoro yakanga
yakatakudzwa vanhu ava yairema kwazvo.
19 Haiwa Mwari wangu, ndirangarirei henyu nenyasha, nokuda
kwezvose zvandakaitira vanhu ava.

# 6

*Kuvaka patsva kunopikiswazve*

1 Shoko rakati rasvika kuna Sanibharati, Tobhia naGeshemu muArabhu
uye noruzhinji rwavavengi vedu kuti ndakanga ndavakazve rusvingo
uye pakanga pasina chakanga chasara parwuri, kunyange panguva iyoyo
ndakanga ndisati ndamisa makonhi pamasuo, 2 Sanibharati naGeshemu
vakatuma shoko kwandiri vachiti, "Uya tisangane pano mumwe wemisha
iri mubani reOno."
Asi vakanga vachironga kundiitira zvakaipa. 3 Saka ndakatuma nhume
kwavari nemhinduro ndichiti, "Ndine basa guru kwazvo randiri kuita,
saka handigoni kuburukira kwamuri ikoko. Basa ringamirireiko ini
ndichirisiya ndichimbouya kwamuri?" 4 Vakatuma shoko rimwe chetero
kwandiri runa rwose, asi ndakavapindura zvimwe chetezvo nguva dzose.
5 Zvino, Sanibharati akatumazve muranda wake kwandiri kechishanu,
neshoko rimwe chetero netsamba mumaoko ake yakanga isina kunamwa.
6 Yakanga yakanyorwa zvinoti:
"Pakati pamarudzi zvinotaurwa kuti, uye Geshemu anotiwo ichok-
wadi, iwe navaJudha muri kurangana kumukira mambo, ndokusaka
muri kuvaka rusvingo. Pamusoro pezvo, iwe wava kuda kuva mambo
wavo sokutaurwa kwazvo. 7 Uye wakatogadza vaprofita kuti vataure
pamusoro pako muJerusarema vachiti: 'MuJudha mava namambo!'
Zvino nyaya iyi ichasvika kuna mambo, saka uya titaurirane."
8 Ndakatumira mhinduro kwaari ndikati, "Hapana chinhu chakaita
sechauri kutaura chiri kuitika; ndiwe uri kungozvifunga mumusoro
mako."
9 Vose vaingoedza kutivhundutsira vachiti mumwoyo yavo, "Maoko avo
achaneta nebasa, uye harizoperi."
Asi ndakanyengetera ndikati, "Simbisai maoko angu zvino."
10 Rimwe zuva ndakaenda kumba kwaShemaya mwanakomana waD-
heraya, mwanakomana waMehetabheri, uyo akanga azvipfigira mumba
make, iye akati, "Ngatisangane mumba yaMwari mukati metemberi
tigopfiga mikova yetemberi, nokuti kuna varume vari kuuya kuzokuuraya,
panguva dzousiku vari kuuya kuzokuuraya."

* **5:15** 5:15 0.5 yekirogiramu

[11] Asi ini ndakati kwaari, “Murume akaita seni angatiza here? Uye
munhu akaita seni angatizira mutemberi kuti aponese upenyu hwake
here? Handidi kuenda ini!” [12] Ndakaona kuti Mwari akanga asina
kumutuma asi kuti aiprofita zvakaipa pamusoro pangu nokuti akanga
atengwa naTobhia naSanibharati. [13] Akanga atengwa kuti azondivhundutsira kuitira kuti ndiite chivi nokuita izvi, uye ipapo vagondipa zita rakaipa kuti vandisvibise.

[14] Haiwa Mwari wangu, rangarirai henyu Tobhia naSanibharati, nokuda kwezvavaita; rangariraiwo muprofitakadzi Noadhia uye noruzhinji rwavaprofita avo vanga vachiedza kundivhundutsira.

*Kupera kwoRusvingo*

[15] Naizvozvo rusvingo rwakapera nezuva ramakumi maviri namashanu
romwedzi waEruri, mumazuva makumi mashanu namaviri. [16] Vavengi
vedu vose vakati vanzwa izvi, marudzi ose akatipoteredza akatya uye vakaora mwoyo, nokuti vakaona kuti basa iri rakanga raitwa norubatsiro rwaMwari wedu.

[17] Uyezve, mumazuva iwayo vakuru veJudha vaitumira matsamba
akawanda kuna Tobhia, uye mhinduro dzaibva kuna Tobhia dzairamba
dzichiuya kwavari. [18] Nokuti vazhinji muJudha vakanga vaita mhiko
pasi pake, sezvo akanga ari mukuwasha kuna Shekania mwanakomana waAra, uye mwanakomana wake Jehohanani akanga akawana
mwanasikana waMeshurami mwanakomana waBherekia. [19] Pamusoro
paizvozvo, vairamba vachingondiudza mabasa ake akanaka uye ivo vachizomuudzawo zvandinenge ndataura. Uye Tobhia akatumira matsamba okundivhundutsira.

# 7

[1] Mushure mokunge rusvingo rwavakwa uye ndaisa makonhi
panzvimbo dzawo, varindi vemikova, vaimbi navaRevhi vakagadzwa.
[2] Ndakagadza Hanani hama yangu kuti ave mutariri weJerusarema
naHanania kuti ave mukuru wepanhare, nokuti aiva munhu anokudzwa
uye aitya Mwari kupinda zvingaitwa noruzhinji rwavanhu. [3] Ndakati
kwavari, “Masuo eJerusarema asazarurwa kusvikira zuva rava kupisa. Panguva iyo vachengeti vamasuo vanenge vachiri pabasa, vaitei kuti vapfige makonhi vaise mazariro. Uyezve mugadze vagari vomuJerusarema savarindi; vamwe panzvimbo dzavo dzokurinda, vamwe pedyo nedzimba dzavo.”

*Mazita aVakanga Vambotapwa Vakadzokera kuJerusarema*

[4] Zvino guta rakanga rakakura uye rakapamhama asi maingova navanhu vashoma mariri, uye dzimba dzakanga dzisati dzavakwazve. [5] Saka
Mwari akaisa mumwoyo mangu kuti ndiunganidze vakuru navabati uye navamwe vanhu vose kuti vanyoreswe nemhuri dzavo. Ndakawana zvinyorwa zvemhuri dzaavo vakava vokutanga kudzokera. Izvi ndizvo zvandakawana zvakanyorwamo:

> [6] Ava ndivo vanhu vedunhu vakabudiswa pautapwa vakatapwa naNebhukadhinezari mambo weBhabhironi (vakadzokera kuJerusarema nokuJudha, mumwe nomumwe kuguta rake,
> [7] vari pamwe chete naZerubhabheri, Jeshua, Nehemia, Azaria,

naRaamia, Nahamani, Modhekai, Bhirishani, Misipereti, Bhigivhai, Nehumi naBhaana):

Mazita avarume veIsraeri:

8 Zvizvarwa
zvaParoshi, zviuru zviviri nezana namakumi manomwe navaviri;
9 zvaShefatia, mazana matatu namakumi manomwe navaviri;
10 zvaAra, mazana matanhatu namakumi mashanu navaviri;
11 zvaPahati-Moabhu (kubudikidza nokuna Jeshua naJoabhu), zviuru zviviri, namazana masere ane gumi navasere;
12 zvaEramu, chiuru chimwe, china mazana maviri namakumi mashanu navana;
13 zvaZatu, mazana masere namakumi mana navashanu;
14 zvaZakai, mazana manomwe namakumi matanhatu;
15 zvaBhinui, mazana matanhatu namakumi mana navasere;
16 zvaBhebhai, mazana matanhatu namakumi maviri navasere;
17 zvaAzigadhi, zviuru zviviri mazana matatu namakumi maviri navaviri;
18 zvaAdhonikami, mazana matanhatu namakumi matanhatu navanomwe;
19 zvaBhigivhai, zviuru zviviri zvina makumi matanhatu navanomwe;
20 zvaAdhini, mazana matanhatu namakumi mashanu navashanu;
21 zvaAteri (kubudikidza naHezekia), makumi mapfumbamwe navasere;
22 zvaHashumi, mazana matatu namakumi maviri navasere;
23 zvaBhezai, mazana matatu namakumi maviri navana;
24 zvaHarifi, zana negumi navaviri;
25 zvaGibheoni, makumi mapfumbamwe navashanu.

26 Varume
veBheterehema neNetofa, zana namakumi masere navasere;
27 vokuAnatoti, zana namakumi maviri navasere;
28 vokuBheti Azimavheti, makumi mana navaviri;
29 vokuKiriati Jearimi, Kefira neBheeroti, mazana manomwe namakumi mana navatatu;
30 vokuRama neGebha, mazana matanhatu namakumi maviri nomumwe chete;
31 vokuMikimashi, zana namakumi maviri navaviri;
32 vokuBheteri neAi, zana namakumi maviri navatatu;
33 vokune rimwe Nebho; makumi mashanu navaviri;
34 vokune rimwe Eramu, chiuru mazana maviri namakumi mashanu navana;
35 vokuHarimu, mazana matatu ana makumi maviri;
36 vokuJeriko, mazana matatu namakumi mana navashanu;
37 vokuRodhi, Hadhidhi neOno, mazana manomwe namakumi maviri nomumwe chete;
38 vokuSenaa, zviuru zvitatu mazana mapfumbamwe namakumi matatu.

39 Vaprista:

zvizvarwa
zvaJedhaya (kubudikidza nokumhuri yaJeshua), mazana mapfumbamwe namakumi manomwe navatatu;
40 zvaImeri, chiuru chimwe chete namakumi mashanu navaviri;

41 zvaPashuri, chiuru chimwe chete namazana maviri namakumi mana navanomwe;
42 zvaHarimu, chiuru chimwe chine gumi navanomwe.

43 VaRevhi:
zvizvarwa
zvaJeshua (kubudikidza naKadhimieri nokumhuri yaHodhavhia), vaiva makumi manomwe navana.

44 Vaimbi:
zvizvarwa
zvaAsafi, zana namakumi mana navasere.

45 Varindi vamasuo:
zvizvarwa
zvaSherumi, Ateri, Tarimoni, Akubhi, Hatita, naShobhai, zana namakumi matatu navasere.

46 Vashandi vomutemberi:
zvizvarwa
zvaZiha, Hasufa, Tabhoati,
47 Kerosi, Sia, Padhoni,
48 Rebhana, Hagabha, Sharimai,
49 Hanani, Gidheri, Gehari,
50 Reaya, Rezini, Nekodha,
51 Gazamu, Uza, Pesea,
52 Bhesai, Meunimi, Nefusimu,
53 Bhakuki, Hakufa, Harihuri,
54 Bhazuruti, Mehidha, Harisha,
55 Bharikosi, Sisera, Tema,
56 Nezia, naHatifa.
57 Zvizvarwa zvavaranda vaSoromoni:
zvizvarwa zva:
Sotai, Sofereti, Peridha,
58 Jaara, Dharikoni, Gidheri,
59 Shefatia, Hatiri, Pokereti-Hazebhaimu naAmoni.
60 Vashandi vomutemberi nezvizvarwa zvavaranda vaSoromoni, mazana matatu namakumi mapfumbamwe navaviri.

61 Ava vanotevera vaibva kumaguta okuTeri Mera, Teri Harisha Kerubhi, Adhoni neImeri, asi vakanga vasingagoni kuratidza kuti zvizvarwa zvavo zvaibva mumhuri yaIsraeri:
62 zvizvarwa
zvaDheraya, zvaTobhia nezvaNekodha zvaiva mazana matanhatu namakumi mana navaviri.

63 Uye vaibva pakati pavaprista:
zvizvarwa
zvaHobhaya, Hakozi naBharizirai (murume akanga awana mwanasikana waBharizirai muGireadhi uye aidaidzwa nezita iroro).
64 Ava vakatsvaka zvinyorwa zvemhuri dzavo, asi vakazvishaya nokudaro vakabviswa kubva kuvaprista, savasina kuchena.

65 Naizvozvo mubati akavarayira kuti vasadya zvokudya zvipi
zvazvo zvakanatswa kusvikira kwava nomuprista anoshumira
neUrimi neTumimi.

66 Ungano yose yaiva navanhu zviuru makumi mana navaviri
ane mazana matatu namakumi matanhatu, 67 pasina varanda
vavo navarandakadzi vavo vaisvika zviuru zvinomwe na-
mazana matatu ana makumi matatu navanomwe; uye vaivazve
navarume navakadzi vaiva vaimbi vaisvika mazana maviri
namakumi mana navashanu. 68 Paiva namazana manomwe
namakumi matatu namatanhatu amabhiza, uye manyurusi
mazana maviri namakumi mana nemashanu, 69 mazana mana
namakumi matatu namashanu engamera uye zviuru zvitanhatu
zvina mazana manomwe namakumi maviri zvembongoro.

70 Vamwe vakuru vemhuri vakabatsira pabasa. Mubati akaisa
madhirakema egoridhe chiuru[*] muchivigiro chepfuma nemidziyo
makumi mashanu nenhumbi dzavaprista mazana mashanu namakumi
matatu. 71 Vamwe vakuru vemhuri vakaisa muchivigiro chepfuma
zviuru makumi maviri zvamadhirakema[†] egoridhe kuitira basa, mam-
ina esirivha zviuru zviviri namazana maviri[‡]. 72 Uwandu hwez-
vakapiwa navanhu vose vose hwaiva zviuru makumi maviri zvamadhi-
rakema egoridhe, nezviuru zviviri zvamamina[§] esirivha, uye nenhumbi
dzavaprista dzinosvika makumi matanhatu nenomwe.
73 Vaprista, vaRevhi, varindi vemikova, vaimbi navabati vomutemberi,
pamwe chete navamwe pakati poruzhinji rwavaIsraeri, vakandogara
mumaguta avo.

# 8

*Ezira anoverenga Murayiro*

1 Zvino mwedzi wechinomwe wakati wasvika, uye vaIsraeri vagara
mumaguta avo, vanhu vose vakaungana vakaita somunhu mumwe
pachivara chakatarisana neSuo reMvura. Vakakumbira Ezira munyori
kuti auye neBhuku roMurayiro waMozisi, wakanga warayirwa naJehovha
kuvaIsraeri.
2 Naizvozvo pazuva rokutanga romwedzi wechinomwe, Ezira muprista
akauya noMurayiro pamberi peungano, yaiva yavarume navakadzi
navose vaigona kunzwisisa. 3 Akauverenga nenzwi guru kubva mang-
wanani kusvikira masikati, akatarisa chivara chaiva pamberi peSuo
reMvura, pamberi pavarume navakadzi navose vaigona kunzwisisa. Uye
vanhu vose vakateerera zvikuru kuBhuku roMurayiro.
4 Ezira munyori akamira panzvimbo yakakwirira yakanga yavakwa
namatanda, yavakirwa izvozvo. Kurutivi rwake rworudyi kwaiva
kwakamira Matitia, Shema, Anania, Uria, Hirikia naMaaseya; uye
kuruboshwe rwake kwaiva naPedhaya, Mishaeri, Marikiya, Hashumi,
Hashibhadhana, Zekaria naMeshurami.
5 Ezira akazarura bhuku. Vanhu vose vaigona kumuona nokuti akanga
akamira pakakwirira; uye paakarizarura, vanhu vose vakasimuka. 6 Ezira
akarumbidza Jehovha, Mwari mukuru; uye vanhu vose vakasimudza

[*] **7:70** 7:70 makirogiramu angaita 8.5, uyewo nomundima 72 [†] **7:71** 7:71 makirogiramu angaita 170, uyewo nomundima 72 [‡] **7:71** 7:71 matani angaita 1.3 [§] **7:72** 7:72 matani angaita 1.1

maoko avo vakapindura vachiti, “Ameni! Ameni!” Ipapo vakakotamira
pasi vakanamata Jehovha zviso zvavo zvakatsikitsira pasi.
7 VaRevhi vaiti: Jeshua, Bhani, Sherebhia, Jamini, Akubhi, Shab-
hetai, Hodhia, Maaseya, Kerita, Azaria, Jozabhadhi, Hanani naPeraya
vakadzidzisa vanhu Murayiro vanhu vamire ipapo. 8 Vakaverenga
kubva muBhuku roMurayiro waMwari, vachiisa pachena nokutsanangura
zvazvaireva kuitira kuti vanhu vanzwisise zvaiverengwa.
9 Ipapo Nehemia mubati, Ezira, muprista nomunyori, navaRevhi
vairayira vanhu vakati kwavari vose, “Zuva iri idzvene kuna Jehovha
Mwari wenyu. Musachema kana kuungudza.” Nokuti vanhu vose vainge
vachichema pavaiteerera kumashoko omurayiro.
10 Nehemia akati kwavari, “Endai munodya nomufaro zvokudya zva-
munoda nezvokunwa zvinotapira, mugotumirawo zvimwe kuna avo
vasina chavakagadzirira. Zuva ranhasi idzvene kuna Ishe wedu.
Musazvidya mwoyo, nokuti mufaro waJehovha ndiro simba renyu.”
11 VaRevhi vakanyaradza vanhu vose vakati, “Nyararai, nokuti iri izuva
dzvene. Musazvidya mwoyo.”
12 Ipapo vanhu vose vakabva vaenda kundodya nokunwa, nokutumira
migove yezvokudya vachipembera nomufaro mukuru, nokuti vakanga
vanzwisisa zvino mashoko avakanga vaudzwa.
13 Pazuva rechipiri romwedzi, vakuru vemhuri, pamwe chete navaprista
navaRevhi, vakaungana vakakomberedza Ezira munyori kuti vateerere
kumashoko oMurayiro. 14 Vakawana zvakanga zvakanyorwa muMurayiro,
zvakanga zvarayirwa naJehovha kubudikidza naMozisi, zvokuti vaIsraeri
vaizogara mumatumba panguva dzomutambo womwedzi wechinomwe.
15 Uye kuti vaifanira kuparidza shoko iri nokuriparadzira mumaguta
avo ose nomuJerusarema vachiti: “Endai munyika yezvikomo muuye
namapazi omuorivhi nemiti yemiorivhi yomusango, neomukonachando,
nemichindwe nemiti yemimvuri, kuti muite matumba sezvazvakany-
orwa.”
16 Naizvozvo vanhu vakabuda vakanouya namapazi vakazvivakira
matumba pamusoro pamatenga avo, nomuminhanga yavo, nomumavazhe
eimba yaMwari uye napachivara paSuo reMvura uye napaSuo raEfuremu.
17 Ungano yose yakanga yadzoka kuutapwa yakavaka matumba ika-
garamo. Kubva pamazuva aJoshua mwanakomana waNuni kusvikira
pazuva iroro, vaIsraeri havana kumbopemberera saizvozvi. Uye mufaro
wavo waiva mukuru kwazvo.
18 Zuva rimwe nerimwe, kubva pazuva rokutanga kusvikira pane
rokupedzisira, Ezira akaverenga kubva muBhuku roMurayiro waMwari.
Vakapemberera mutambo kwamazuva manomwe, uye pazuva rorusere,
maererano nezvakanga zvarayirwa, pakava neungano ipapo.

# 9

*VaIsraeri vanoreurura Zvivi Zvavo*
1 Pazuva ramakumi maviri namana romwedzi iwoyo, vaIsraeri vakaun-
gana pamwe chete, vachizvinyima zvokudya vakapfeka masaga uye
vaine guruva pamisoro yavo. 2 Avo vaiva zvizvarwa zvavaIsraeri
vakazvitsaura kubva pakati pavatorwa vose. Vakamira panzvimbo dzavo
vakareurura zvivi zvavo nezvitadzo zvavo. 3 Vakamira pavakanga vari
ndokuverenga kubva muBhuku roMurayiro waJehovha Mwari wavo
kwechikamu chimwe chete muzvina chezuva, ndokupedzazve chimwe
chikamu chimwe chete muzvina chezuva, vachireurura uye vachinamata

Jehovha Mwari wavo. 4 VaRevhi vaiti Jeshua, Bhani, Kadhimieri,
Shebhania, Bhuni, Sherebhia, Bhani naKenani, vakamira pakakwirira
vakadanidzira nenzwi guru kuna Jehovha Mwari wavo. 5 Ipapo vaRevhi
vaiti: Jeshua, Kadhimieri, Bhani, Hashabhineya, Sherebhia, Hodhia, Shebhania naPetahia vakati, "Simukai murumbidze Jehovha Mwari wenyu, anogara nokusingaperi-peri."

"Zita renyu rinobwinya ngariropafadzwe pamusoro pamakomborero
nerumbidzo dzose. 6 Imi moga ndimi Jehovha. Makaita moga matenga, kunyange nokudenga denga, uye nenyeredzi zhinji dzose, nyika nezvose zviri pamusoro payo, makungwa nezvose zviri maari. Munopa upenyu kuzvinhu zvose, uye zvose zviri kudenga zvinokunamatai.

7 "Ndimi Jehovha Mwari, makasarudza Abhurahama mukamubudisa
kubva munyika yeUri yavaKaradhea mukamutumidza kuti Abhura-
hama. 8 Makawana mwoyo wake wakatendeka kwamuri, uye makaita sungano naye kuti mupe kuzvizvarwa zvake nyika yavaKenani, vaHiti, vaAmori, vaPerezi, vaJebhusi navaGirigashi. Makachengeta vimbiso yenyu nokuti makarurama.

9 "Makaona kutambudzika kwamadzitateguru edu muIjipiti;
mukanzwa kuchema kwavo paGungwa dzvuku. 10 Makatuma zviratidzo
nezvishamiso kuna Faro, navabati vake uye navanhu vose venyika yake, nokuti maiziva kuti vaIjipita vaizvikudza sei pamabatiro avakavaita.
Makaitira zita renyu mukurumbira uripo nanhasi. 11 Makapamura
gungwa pamberi pavo, naizvozvo vakayambuka napasi pakaoma, asi makamedza vaivatevera kwakadzika, sedombo mumvura ine simba.
12 Makavatungamirira neshongwe yegore masikati mukavatungamirira
usiku neshongwe yomoto kuti vavhenekerwe munzira yavaizofamba nayo.

13 "Makaburuka paGomo reSinai, mukataura navo kubva kudenga.
Makavapa mitemo nemirayiro yakarurama neyakanaka, uye mitemo
nezvakarayirwa zvakanaka. 14 Makavazivisa Sabata renyu dzvene
mukavapa zvamakarayira, mitemo nemirayiro kubudikidza nomuranda
wenyu Mozisi. 15 Vari pakati penzara makavapa chingwa chaibva
kudenga, uye pavakanzwa nyota makavapa mvura yakabva padombo; makavaudza kuti vapinde kundotora nyika yamakanga mapika noruoko rwakasimudzwa kuti muvape.

16 "Asi ivo madzitateguru edu, vakava namanyawi uye nemitsipa
mikukutu, vakasateerera zvamakavarayira. 17 Vakaramba kuteerera
uye vakasarangarira zvishamiso zvamakaita pakati pavo. Vakava nemitsipa mikukutu uye pakumukira kwavo vakagadza mutungamiri kuti vadzokere kuutapwa hwavo. Asi imi muri Mwari anokanganwira, ane nyasha nengoni, anononoka kutsamwa uye azere norudo.
Naizvozvo hamuna kuvasiya, 18 kunyange zvavo vakazviitira chi-
fananidzo chemhuru vachiti, 'Uyu ndiye mwari wenyu, akakubudisai kubva muIjipiti,' kana pavakamhura zvinonyangadza kwazvo.

19 "Nokuda kwengoni dzenyu huru hamuna kuvasiya mugwenga.
Shongwe yegore haina kurega kuvatungamirira masikati panzira yavo, shongwe yomoto haina kurega kuvavhenekera usiku panzira
yavaifanira kufamba nayo. 20 Makavapa Mweya wenyu wakanaka
kuti uvarayire. Hamuna kuvanyima mana yenyu, uye panyota yavo
makavapa mvura. 21 Makavararamisa kwamakore makumi mana
mugwenga; havana chavakashayiwa, nguo dzavo hadzina kubvaruka uye makumbo avo haana kuzvimba.

22 "Makavapa ushe nendudzi, mukavapa nyika yose kusvika kumagumo ayo. Vakatora nyika yaSihoni mambo weHeshibhoni nenyika
yaOgi mambo weBhashani.
23 Makaita kuti vana vavo vawande senyeredzi dziri mudenga, mukavauyisa kunyika yamakaudza madzibaba
avo kuti vapinde vaitore.
24 Vanakomana vavo vakapinda vakatora nyika. Makakunda vaKenani pamberi pavo, vaigara munyika iyo; makapa vaKenani kwavari, pamwe chete namadzimambo avo uye
navanhu vomunyika, kuti vaite zvavanoda navo.
25 Vakapamba maguta akakombwa nenyika ine ivhu rakanaka, vakatora dzimba dzakanga dzakazara nemhando dzose dzezvinhu zvakanaka, matsime akacherwa kare, minda yemizambiringa, minda yemiorivhi nemiti yemichero yakawanda. Vakadya vakaguta vakava vakagwinya kwazvo; vakafara muukuru hwokunaka kwenyu.

26 "Asi havana kuteerera uye vakakumukirai; vakafuratira murayiro wenyu. Vakauraya vaprofita venyu, vaivarayira kuti vadzokere kwamuri; vakamhura zvainyadza kwazvo.
27 Naizvozvo makavaisa kuvavengi vavo, avo vakavadzvinyirira. Asi pavakanga vava kudzvinyirirwa vakachema kwamuri. Makavanzwa muri kudenga, uye nengoni dzenyu huru makavapa vadzikinuri, vakavarwira kubva mumaoko avavengi vavo.

28 "Asi pavakangowana zororo, vakaitazve zvakaipa pamberi penyu. Ipapo makavasiya mumaoko avavengi vavo kuti vavatonge. Zvino vakati vachemazve kwamuri, makavanzwa muri kudenga, nengoni dzenyu mukavarwira nguva nenguva.

29 "Makavayambira kuti vadzokere kumurayiro wenyu, asi ivo vakazvikudza vakasateerera kurayira kwenyu. Vakatadza pane zvemirayiro, izvo zvinoraramisa munhu kana akazviteerera. Nokusindimara kwavo vakakufuratirai, vakaomesa mitsipa yavo uye vakaramba
kuteerera.
30 Makava nomwoyo murefu navo kwamakore mazhinji. Makavayambira noMweya wenyu kubudikidza navaprofita venyu. Kunyange zvakadaro havana kuita hanya, saka makavapa kuvanhu
vavakavakidzana navo.
31 Asi netsitsi dzenyu huru hamuna kuvaparadza kana kuvarasa, nokuti muri Mwari ane nyasha netsitsi.

32 "Naizvozvo zvino, imi Mwari wedu, mukuru, ane simba, uye Mwari anotyisa, anochengeta sungano yake yorudo, matambudziko aya ose ngaarege kuva madiki pamberi penyu, matambudziko akauya pamusoro pedu, napamusoro pamadzimambo edu navatungamiri, napamusoro pavaprista vedu navaprofita, pamusoro pamadzibaba edu navanhu vose, kubva pamazuva amadzimambo avaAsiria kusvikira nhasi.
33 Pane zvakaitika kwatiri, imi makanga makarurama; makanga maka-
tendeka, asi isu takaita zvakaipa.
34 Madzimambo edu, vatungamiri vedu, vaprista vedu namadzibaba edu havana kutevera murayiro wenyu; havana kuita hanya nokurayira kwenyu kana yambiro dza-
makavapa.
35 Kunyange pavakanga vachibata ushe hwavo, vachifarira kunaka kwenyu kukuru kwavari munyika yamakavapa, munyika yakakura uye ine ivhu rakanaka, havana kukushumirai kana kusiya nzira dzavo dzakaipa.

36 "Asi tarirai, tava nhapwa nhasi, nhapwa munyika yamakapa madzitateguru edu kuti vadye zvibereko zvayo uye nezvimwe zvakanaka
zvainobereka.
37 Nokuda kwezvivi zvedu zvibereko zvayo zvizhinji zvava kuenda kumadzimambo amakaisa pamusoro pedu. Vane simba pamusoro pemiviri yedu uye vanoita zvavanoda nemombe dzedu. Tiri

pakutambudzika kukuru.

*Chitenderano chaVanhu*

38 “Nokuda kwezvose izvi, tiri kuita chitenderano chakasimba,
tichichinyora, vatungamiri vedu, uye vaRevhi vedu navaprista vedu
vachaisa chisimbiso chavo pachiri.”

# 10

1 Zvino avo vakaisa chisimbiso ndeava:

Nehemia mubati, mwanakomana waHakaria,

Zedhekia, 2 Seraya, Azaria, Jeremia,
3 Pashuri, Amaria, Marikia,
4 Hakushi, Shebhania, Maruki,
5 Harimu, Meremoti, Obhadhia,
6 Dhanieri, Ginetoni, Bharuki,
7 Meshurami, Abhija, Mijamini,
8 Maazia, Bharigai naShemaya.
Ava ndivo vaiva vaprista.

9 VaRevhi vaiti:
Jeshua mwanakomana waAzania, Bhinui wokuvanakomana vaHenadhadhi, Kadhimieri,
10 nehama dzavo: Shebhania,
Hodhia, Kerita, Peraya, Hanani,
11 Mika, Rehobhi, Hashabhia,
12 Zakuri, naSherebhia, Shebhania,
13 Hodhia, Bhani naBheninu.

14 Vatungamiri vavanhu vaiva ava:
Paroshi, Pahati-Moabhu, Eramu, Zatu, Bhani,
15 Bhuni, Azigadhi, Bhebhai,
16 Adhoniya, Bhigivhai, Hadhini,
17 Ateri, Hezekia, Azuri,
18 Hodhia, Hashumi, Bhezai,
19 Harifi, Anatoti, Nebhai,
20 Magipiashi, Meshurami, Heziri,
21 Meshezabheri, Zadhoki, Jadhua,
22 Peratia, Hanani, Anaya
23 Hoshea, Hanania, Hashubhi,
24 Harosheshi, Piriha, Shobheki,
25 Rehumi, Hashabhina, Maaseya,
26 Ahia, Hanani, Anani,
27 Maruki, Harimi naBhaana.

28 “Uye vamwe vanhu vose, vaiti vaprista, vaRevhi, vachengeti
vemikova, vaimbi, vashandi vomutemberi, navose vakazvitsaura kubva
kuvanhu vakavakidzana navo, nokuda kwomurayiro waMwari, pamwe
chete navakadzi vavo, navanakomana vavo vose navanasikana vavo
vose vaigona kunzwisisa. 29 Zvino ava vose vakabatana pamwe chete
nehama dzavo ivo vakuru, uye vakazvisunga nechituko nemhiko kuti

vatevere Murayiro waMwari wakapiwa kubudikidza naMozisi muranda
waMwari uye kuti vachenjerere kuteerera zvose zvakarayirwa, nez-
vakatemwa uye nemitemo yaJehovha Ishe wedu.
30 "Tinovimbisa kuti hatizopa vanasikana vedu kuti vawanikwe
navanhu vakatipoteredza kana kutorera vanakomana vedu vanasikana
vavo.
31 "Kana vanhu vatakavakidzana navo vakauya nezvokutengesa kana
zviyo kuzotitengesera neSabata, hatizovatengeri nomusi weSabata kana
pazuva ripi zvaro dzvene. Pagore rechinomwe roga roga ticharegedza
kushanda muminda uye tichadzima zvikwereti zvose.
32 "Tinozvipira kuita zvakarayirwa kuti tipe chikamu chimwe chete
kubva muzvitatu cheshekeri* gore negore kushumiro yeimba yaMwari
wedu: 33 kuchingwa chakaiswa patafura, kuzvipiriso zvenguva nen-
guva zvezviyo, nezvipiriso zvinopiswa nomoto, kuzvipiriso zvinopiwa
pamaSabata nokumitambo yoKugara kwoMwedzi uye nokumitambo
yakatarwa, kuzvipiriso zvitsvene; kuzvipiriso zvechivi zvokuyananisira
Israeri, nokumabasa ose omuimba yaMwari.
34 "Isu vaprista, navaRevhi uye navanhu, takanda mijenya kuti tione
kuti mhuri imwe neimwe yedu inouya rini kuimba yaJehovha Mwari
wedu, nechipo chehuni dzinopiswa paaritari yaJehovha Mwari wedu,
panguva yakatarwa, gore negore, sezvazvakanyorwa mumurayiro.
35 "Tazvipirazve pabasa rokuuya kuimba yaJehovha nezvibereko
zvokutanga zvezviyo nezvemiti yemichero yose gore negore.
36 "Tichauya namatangwe avanakomana vedu neemombe dzedu,
neezvipfuwo zvedu neemakwai edu kuimba yaMwari wedu, noku-
vaprista vanoshumira imomo, sezvazvakanyorwa muMurayiro.
37 "Pamusoro pezvo, tichauyisa kumatura eimba yaMwari wedu,
nokuvaprista, zvibereko zvokutanga zvevhu, zvipiriso zvedu zvezviyo,
nezvemiti yose yemichero nezvewaini yedu itsva uye namafuta. Uye
tichauyisa chegumi chezviyo zvedu kuvaRevhi, nokuti vaRevhi ndivo va-
nounganidza zvegumi mumaguta ose atinoshanda. 38 Muprista worudzi
rwaAroni anofanira kuenda navaRevhi pavanogamuchira zvegumi, uye
vaRevhi vanofanira kuuya nechegumi chezvegumi kuimba yaMwari
wedu, kumatura eimba yepfuma. 39 Vanhu vaIsraeri pamwe chete
navaRevhi, vanofanira kuuya nezvipo zvavo zvezviyo, newaini itsva uye
namafuta kumatura kunochengeterwa midziyo yose yenzvimbo tsvene,
uye kunogara vaprista vanoshumira, navarindi vemikova navaimbi.
"Hatizoshayiri hanya imba yaMwari wedu."

# 11

### *Vagari veJerusarema Vatsva*

1 Zvino vatungamiri vavanhu vakagara muJerusarema, uye vamwe
vanhu vose vakakanda mijenya kuti vasarudze mumwe chete kubva
mugumi roga roga kuti andogara muJerusarema, guta dzvene, kwozoti
vapfumbamwe vanenge vasara vachizogara mumaguta avo pachavo.
2 Vanhu vakarumbidza varume vose vakanga vazvipira kugara mu-
Jerusarema.

---

* **10:32** 10:32 magiramu angaita 4

3 Ava ndivo vakuru vamatunhu vakandogara muJerusarema (zvino vamwe vavaIsraeri, vaprista, vaRevhi, vashandi vomutemberi nezvizvarwa zvavaranda vaSoromoni vakagara mumaguta aJudha, mumwe nomumwe panzvimbo yake mumaguta akasiyana-siyana,
4 kwozoti vamwe vanhu vaiva vokwaJudha nokwaBhenjamini vakagara muJerusarema):

Vaibva kuzvizvarwa zvaJudha vaiti:

Ataya mwanakomana waUzia, mwanakomana waZekaria, mwanakomana waAmaria, mwanakomana waShefatia, mwanakomana waMahararereri, chizvarwa chaPerezi;

5 naMaaseya mwanakomana waBharuki, mwanakomana waKori-Hoze, mwanakomana waHazaya, mwanakomana waAdhaya, mwanakomana waJoyaribhi, mwanakomana waZekaria, chizvarwa chaShera.

6 Zvizvarwa zvaPerezi avo vaigara muJerusarema vaiva mazana mana namakumi matanhatu navasere vaiva varume voumhare.

7 Vaibva kuzvizvarwa zvaBhenjamini vaiti:

Saru mwanakomana waMeshurami, mwanakomana waJoedhi, mwanakomana waPedhaya, mwanakomana waKoraya, mwanakomana waMaaseya, mwanakomana waItieri, mwanakomana waJeshaya,
8 nevaimutevera vaiti Gabhai naSarai, vaiva varume vanosvika mazana mapfumbamwe namakumi maviri navasere.

9 Joere mwanakomana waZikiri akanga ari mukuru wavo, uye Judha mwanakomana waHasenua, aiva pamusoro peDunhu reChipiri reguta.

10 Vaibva kuvaprista ndeava:

Jedhaya mwanakomana waJoyaribhi naJakini;

11 Seraya mwanakomana waHirikia, mwanakomana waMeshurami, mwanakomana waZadhoki, mwanakomana waMerayoti, mwanakomana waAhitubhi, mutariri weimba yaMwari,
12 nehama dzavo, avo vakaenderera mberi nebasa retemberi, vaiva varume vana mazana masere namakumi maviri navaviri;

naAdhaya mwanakomana waJerohamu, mwanakomana waPeraria, mwanakomana waAmuzi, mwanakomana waZekaria, mwanakomana waPashuri, mwanakomana waMarikiya,
13 nehama dzake vaiva vakuru vedzimba, varume mazana maviri namakumi mana navaviri;

naAmashisai mwanakomana waImeri,
14 nehama dzake, vaiva varume voumhare, zana namakumi maviri navasere.

Mutariri wavo mukuru aiva Zadhidhieri mwanakomana waHagedhorimi.

15 Vaibva kuvaRevhi ndeava:

Shemaya mwanakomana waHashubhi, mwanakomana waAzirikami, mwanakomana waHashabhia, mwanakomana waBhuni;

16 Shabhetai naJozabhadhi, vari vaviri vaiva vakuru vavaRevhi, vari vatariri vamabasa okunze kweimba yaMwari;

17 Matania mwanakomana waMika, mwanakomana waZabhidhi, mwanakomana waAsafi, mukuru aitungamirira pakuvonga nokunyengetera;

Bhakubhukia, aiva wechipiri paukuru pakati pehama dzake;

naAbhudha mwanakomana waShamua, mwanakomana waGarari, mwanakomana waJedhutuni.

18 VaRevhi vaiva muguta dzvene vaisvika mazana maviri namakumi masere navana.

19 Vachengeti vamasuo:

Akubhi, naTarimoni nehama dzavo, ndivo vaichengeta masuo, varume vaisvika zana namakumi manomwe navaviri.

20 Vamwe vaIsraeri vose, navaprista navaRevhi, vaiva mumaguta ose eJudha, mumwe nomumwe panhaka yake.

21 Vashandi vomutemberi vaigara pamusoro pegomo reOferi, uye Ziha naGishipa ndivo vaiva vatungamiri vavo.

22 Mutariri mukuru wavaRevhi muJerusarema aiva Uzi mwanako-
mana waBhani, mwanakomana waHashabhia, mwanakomana waMata-
nia, mwanakomana waMika. Uzi aiva mumwe wezvizvarwa zvaAsafi,
vaiva vaimbi vari vabati veshumiro yeimba yaMwari. 23 Vaimbi vaiva
pasi pomutemo wamambo, waivataurira zvokuita zuva nezuva.

24 Petahia mwanakomana waMeshezabheri, mumwe wezvizvarwa zvaZ-
era mwanakomana waJudha, aiva mubati waMambo panyaya dzose
dzavanhu.

25 Kana iri misha neminda yavo, vanhu vokwaJudha vakagara
muKiriati Abha namaruwa akaripoteredza, muDhibhoni namaruwa
aro, muJekabhizeri nemisha yaro, 26 muJeshua, muMoradha, nomuB-
heti Pereti, 27 nomuHazari Shuari, nomuBheerishebha namaruwa aro,
28 nomuZikiragi, nomuMekona namaruwa aro, 29 muEni Rimoni, nomu-
Zora, nomuJarimuti, 30 Zanoa, neAdhurami nemisha yawo, muRakishi
neminda yaro, nomuAzeka namaruwa aro. Naizvozvo vakanga vagere
munzvimbo yose kuBheerishebha kusvikira kuMupata weHinomi.

31 Zvizvarwa zvaBhenjamini zvaibva kuGebha zvakagara muMikimashi,
neAija neBheteri namaruwa acho, 32 muAnatoti, neNobhi neAnania,
33 muHazori, neRama neGitaimi, 34 muHadhidhi, Zebhoimi neNebharati,
35 muRodhi neOno, nomuMupata weMhizha.

36 Mamwe mapoka avaRevhi vokwaJudha akandogara muBhenjamini.

# 12

*Vaprista navaRevhi*

1 Zvino ava ndivo vaprista navaRevhi vakadzokera naZerubhabheri, mwanakomana waShearitieri naJeshua:

Seraya, Jeremia, naEzira,
2 Amaria, Maruki, Hatushi,
3 Shekania, Rehumi, Meremoti,
4 Idho, Ginetoni, Abhija,
5 Mijamini Moadhia, Bhiriga,
6 Shemia, Joirabhi, naJedhaya.
7 Saru, Amoki, Hirikia naJedhaya.

Ava ndivo vaiva vatungamiri vavaprista pamwe chete nehama dzavo pamazuva aJeshua.

8 VaRevhi vaiti: Jeshua, Bhinui, Kadhimieri, Sherebhia, Judha, uyewo
naMatania pamwe chete nehama dzake, aiva mukuru wenziyo dzoku-
vonga. 9 Bhakibhukia naUni, nehama dzavo, vakamira vakatarisana navo
mushumiro.

10 Jeshua aiva baba vaJoyakimu,
Joyakimu aiva baba vaEriashibhi,
Eriashibhi ari baba vaJoyadha,
11 Joyadha baba vaJonatani,
uye Jonatani baba vaJadhua.

12 Ava ndivo vaiva vakuru vedzimba dzavaprista, pamazuva aJoyakimu:

wokwaSeraya, aiva Meraya;
wokwaJeremia, aiva Hanania;
13 wokwaEzira, aiva Meshurami;
wokwaAmaria, aiva Jehohanani;
14 wokwaMaruki, aiva Jonatani;
wokwaShekania, aiva Josefa;
15 wokwaHarimu, aiva Adhina;
wokwaMeremoti, aiva Herikai;
16 wokwaIdho, aiva Zekaria;
wokwaGinetoni aiva Meshurami;
17 wokwaAbhija, aiva Zikiri;
wokwaMiniamini, newokwaMoadhia, aiva Piritai;
18 wokwaBhiriga aiva Shamia;
wokwaShemaya aiva Jehonatani;
19 wokwaJoyaribhi aiva Matenai;
wokwaJedhaya, aiva Uzi;
20 wokwaSaru, aiva Karai;
wokwaAmoki, aiva Ebheri;
21 wokwaHirikia, aiva Hashabhia;
wokwaJedhaya, aiva Netaneri.

22 Vakuru vedzimba dzavaRevhi mumazuva aEriashibhi, Joyadha, Jo-
hanani naJadhua, pamwe chete neavo vaiva vevaprista, vakanyorwa
mazita avo pamazuva okutonga kwaDhariasi muPezhia. 23 Vakuru
vedzimba pakati pezvizvarwa zvaRevhi kusvikira panguva yaJohanani
mwanakomana waEriashibhi vakanyorwa mumabhuku enhoroondo.
24 Zvino vatungamiri vavaRevhi vaiva Hashabhia, Sherebhia naJeshua,
mwanakomana waKadhimieri, nehama dzavo avo vaimira vakatarisana
vachipa rumbidzo nokuvonga, uye vachiita madzoro sezvazvakanga
zvarayirwa naDhavhidhi munhu waMwari.
25 Matania Bhakibhukia, Dhadhia, Meshurami, Taramani, naAkubhi
vakanga vari varindi vemikova namatura. 26 Vakashumira pamazuva
aJehoyakimi mwanakomana waJeshua, mwanakomana waJozadhaki, no-
mumazuva aNehemia mubati naEzira muprista nomunyori.

### *Kukumikidzwa kwoRusvingo rweJerusarema*

27 Zvino pakukumikidzwa kworusvingo rweJerusarema, vaRevhi
vakatsvakwa kwavaigara vakauyiswa kuJerusarema kuzopemberera

kukumikidzwa uku nomufaro, nenziyo dzokuvonga, uye nokuimba,
vachiridza makandira, mitengeranwa nembira. 28 Vaimbi vakaun-
ganidzwa pamwe chete kubva kumatunhu akapoteredza Jerusarema,
nokumisha yavaNetofati; 29 nokuBheti Girigari uye kubva munzvimbo
yeGebha neAzimavheti, nokuti vaimbi vakanga vazvivakira misha
vakapoteredza Jerusarema. 30 Zvino vaprista navaRevhi vakati vazvinatsa,
vakanatsawo vanhu, mikova norusvingo.

31 Ipapo ndakakwidza vatungamiri vavaJudha pamusoro porusvingo.
Ndakarayirawo mapoka makuru maviri avaimbi kuti vavonge vachi-
famba mumudungwe. Rimwe boka rakafamba pamusoro porusvingo
kurudyi, rakananga kuMukova weNdove. 32 Hoshaya nehafu ya-
vatungamiri vaJudha vakavatevera, 33 pamwe chete naAzaria, Ezira,
Mesharami, 34 Judha, Bhenjamini, Shemaya, naJeremia, 35 pamwe chete
navamwe vaprista vaiva nehwamanda, uyewo naZekaria mwanakomana
waJonatani, mwanakomana waShemaya, mwanakomana waMatania,
mwanakomana waMikaya, mwanakomana waZakuri, mwanakomana
waAsafi, 36 nehama dzake vanaShemaya, Azareri, Mirarai, Girarai,
Maai, Nataneri, Judha naHanani nemidziyo yokuimbisa yakarayirwa
naDhavhidhi munhu waMwari. Ezira munyori akavatungamirira ari
pamberi. 37 Vakafamba napaSuo reTsime vakarurama kumatanho eGuta
raDhavhidhi napamukwidza wokurusvingo uye vakapfuura napamusoro
peimba yaDhavhidhi vakananga kuSuo reMvura kumabvazuva.

38 Rimwe boka ravaivonga rakaenda kuruboshwe. Ini ndakavatevera
pamwe chete nehafu yavanhu ndiri pamusoro porusvingo, ndikap-
fuura napashongwe yechoto kusvikira kurusvingo rwakapamhama,
39 napamusoro peSuo raEfuremu, Suo reKare, Suo reHove, Shongwe
yaHananeri napaShongwe yeZana, kusvikira paSuo raMakwai. Vakamira
paSuo raVarindi.

40 Naizvozvo mapoka maviri avavongi akamira muimba yaMwari,
neni ndikaita saizvozvo, pamwe chete nehafu yavabati, 41 navapristawo,
vanaEriakimi, Maaseya, Miniamini, Mikaya, Erioenai, Zekaria naHanania,
nehwamanda dzavo, 42 uyewo Maaseya, Shemaya, Ereazari, Uzi Jehonani,
Marikiya, Eramu naEzeri. Vaimbi vakaimba vachitungamirirwa naJezi-
rahia. 43 Pazuva iro vakabayira zvibayiro zvikuru, vachifara nokuti Mwari
akanga avapa mufaro mukuru. Vakadzi navana vakafarawo. Maungira
omufaro waiva muJerusarema akanzwika kure kwazvo.

44 Panguva iyoyo varume vakagadzwa kuva vatariri vamatura okuvigira
zvaiunganidzwa, uye zvibereko zvokutanga nezvegumi. Vaifanira kuuya
nezvaibva muminda yakapoteredza maguta kumatura okuvigira migove
yakatarirwa vaprista navaRevhi nomurayiro, nokuti Judha yakafadzwa
navaprista navaRevhi vaishumira. 45 Vakaita shumiro yaMwari wavo
neshumiro yokunatswa, pamwe chete navaimbi navachengeti vama-
suo, sezvazvakanga zvarayirwa naDhavhidhi nomwanakomana wake
Soromoni. 46 Nokuti kare kare, mumazuva aDhavhidhi naAsafi, kwaiva
navatungamiri vavaimbi nezvenziyo dzokurumbidza nokuvonga Mwari.
47 Saka mumazuva aZerubhabheri naNehemia, vaIsraeri vose vaipa
migove yezuva nezuva kuvaimbi navachengeti vamasuo. Vakatsaurawo
mugove wavamwe vaRevhi, uye vaRevhi vaitsaurawo mugove wezviz-
varwa zvaAroni.

# 13

*Zvakashandurwa naNehemia pakupedzisira*

1 Pazuva iroro Bhuku raMozisi rakaverengwa nenzwi guru vanhu
vachizvinzwa uye zvakawanikwa zvakanyorwa kuti muAmoni nomu-
Moabhu havabvumirwi kupinda muungano yaMwari, 2 nokuti havana
kundosangana navaIsraeri nezvokudya nemvura asi vakaripira Bharamu
kuti avatuke. Kunyange zvakadaro, Mwari wedu, akashandura kutuka
kukava ropafadzo. 3 Vanhu vakati vanzwa murayiro uyu, vakabvisa vose
vakanga vari vatorwa pakuberekwa.

4 Zvino zvisati zvaitika izvi, Eriashibhi muprista akanga agadzwa kuti
ave mutariri wamatura okuvigira eimba yaMwari wedu. Akanga ane
ukama hwepedyo naTobhia, 5 uye akanga amugadzirira kamuri guru raim-
bochengeterwa zvipiriso zvezviyo nezvinonhuhwira uye midziyo yetem-
beri, nezvegumi zvezviyo, waini itsva namafuta akarayirwa kuti apiwe
vaRevhi, vaimbi navachengeti vamasuo, uyewo nemigove yavaprista.

6 Asi pazvaiitika zvose izvi, ndakanga ndisiri muJerusarema, nokuti
mugore ramakumi matatu namaviri raAtazekisesi mambo weBhabhi-
roni ndakanga ndadzokera kuna mambo. Mushure menguva yakati
kuti ndakakumbira mvumo 7 ndokudzokera kuJerusarema. Ipapo
ndakanzwa pamusoro pechinhu chakaipa chakanga chaitwa naEriashibhi
chokuti akagadzirira Tobhia kamuri muruvazhe rweimba yaMwari.
8 Ndakashatirwa zvikuru ndokurasira kunze kwemba, midziyo yose ya-
Tobhia. 9 Ndakarayira kuti makamuri acheneswe, ndokubva ndadzorera
imomo midziyo yose yeimba yaMwari, pamwe chete nezvipiriso zvezviyo
nezvinonhuhwira.

10 Ndakaonawo kuti vaRevhi vakanga vasina kupiwa migove yavo, uye
kuti vaRevhi vose navaimbi vaiva nebasa rokushumira vakanga vadzokera
kuminda yavo. 11 Saka ndakatsiura vabati ndikavabvunza ndikati, “Imba
yaMwari yashayirwa hanya neiko?” Ipapo ndakavaunganidza pamwe
chete ndikavadzosera kunzvimbo dzavo.

12 VaJudha vose vakauya nezvegumi zvezviyo, newaini itsva namafuta
vakazviisa mumatura. 13 Ndakaisa Sheremia muprista, Zadhoki munyori,
nomuRevhi ainzi Pedhaya kuti vave vatariri vamatura uye ndikaita
kuti Hanania, mwanakomana waZakuri, mwanakomana waMatania, ave
mubatsiri wavo, nokuti varume ava vakaonekwa kuti vaiva vakavimbika.
Vaiva nebasa rokugovera hama dzavo migove yavo.

14 Haiwa Mwari wangu, ndirangarireiwo nokuda kwaizvozvi, uye mu-
sadzima zvandakaita nokutendeka kuimba yaMwari wangu, neshumiro
yayo.

15 Mumazuva iwayo ndakaona varume muJudha vachitsika zvisviniro
zvewaini nomusi weSabata vachiuya nezviyo vachizvikwidza pambon-
goro, pamwe chete newaini, mazambiringa, maonde namarudzi ose
emitoro. Vaiuya nezvinhu zvose izvi muJerusarema nomusi weSabata.
Naizvozvo ndakavayambira kuti vasatengesa zvokudya pazuva iroro.
16 Varume vaibva kuTire vaigara muJerusarema vaiuya nehove nemhando
dzose dzezvokutengesa vachizvitengesa muJerusarema kuvanhu veJudha
nomusi weSabata. 17 Ndakatsiura vakuru veJudha ndikati kwavari,
“Chiiko ichi chinhu chakaipa chamunoita muchizvidza zuva reSabata?
18 Ko, madzitateguru enyu haana kuita zvimwe chetezvo here, zvokuti
Mwari wedu akazouyisa dambudziko iri pamusoro pedu napamusoro

peguta rino? Zvino muri kumutsa hasha dzakawanda pamusoro paIsraeri nokuzvidza Sabata."
19 Zvino mimvuri yezuva rovira yakati yafukidza masuo eJerusarema, Sabata risati rasvika, ndakarayira kuti mikova ipfigwe uye kuti isazarurwa kusvikira Sabata rapfuura. Ndakaisa vamwe vavaranda vangu pamasuo kuti kurege kuva nomutoro ungauyiswa mukati nomusi weSabata.
20 Naizvozvo kamwe chete kana kaviri, vashambadziri navatengesi vemhando dzose vakarara usiku hwose kunze kweJerusarema. 21 Asi
ndakavayambira ndikati, "Seiko muchirara usiku hwose parusvingo? Kana mukazviitazve, ndichakusungai." Kubva panguva iyoyo zvichienda mberi havana kuzouyazve nomusi weSabata. 22 Ipapo ndakarayira
vaRevhi kuti vazvinatse uye kuti vaende kundorinda masuo kuitira kuti zuva reSabata richengetwe riri dzvene.

Haiwa Mwari wangu, ndirangarireiwo pachinhu ichi, Mwari wangu, mugoratidza tsitsi kwandiri maererano norudo rwenyu rukuru.

23 Pamusoro pezvo, mumazuva iwayo, ndakaona varume vokwaJudha vakanga vawana vakadzi vaibva kuAshidhodhi, neAmoni neMoabhu.
24 Hafu yavana vavo vaitaura mutauro wechiAshidhodhi kana mutauro mumwewo wavamwe vanhu, uye vakanga vasingazivi mutauro wechi-
Judha. 25 Ndakavatsiura ndikavatuka. Ndakarova vamwe varume uye
ndikadzura bvudzi ravo. Ndakaita kuti vapike nezita raMwari uye ndikati kwavari, "Hamufaniri kupa vanasikana venyu kuti vawanikwe
navanakomana vavo, kana kuzvitorera imi. 26 Ko, Soromoni mambo
weIsraeri haana kutadza here nokuda kwavakadzi vakadai? Pakati pendudzi zhinji hapana kumbova namambo akaita saye. Aidikanwa naMwari wake, uye Mwari akamuita mambo pamusoro pavaIsraeri vose, asi kunyange zvakadaro akapinzwa muchivi navakadzi vatorwa.
27 Ko, isu zvino tingazvinzwawo here kuti nemiwo zvakare muri kuita zvinhu zvakaipa kudai uye kuti hamuna kutendeka kuna Mwari wedu, muchiwana vakadzi vatorwa?"
28 Mumwe wavanakomana vaJoyadha mwanakomana waEriashibhi muprista mukuru akanga ari mukuwasha waSanibharati muHoroni. Zvino ndakamudzingira kure neni.

29 Haiwa Mwari wangu, varangarirei nokuti vakasvibisa basa rouprista uye nesungano youprista neyavaRevhi.

30 Saka ndakanatsa vaprista navaRevhi pazvinhu zvose zvavatorwa,
ndikavapa madzoro avo, mumwe nomumwe pabasa rake. 31 Ndakapawo
zvipo zvehuni panguva dzakatarwa nezvezvibereko zvokutanga.

Mundirangarirewo, Mwari wangu, mundiitire zvakanaka.

# ESTERI

[1] Izvi ndizvo zvakaitika panguva yaZekisesi, uya Zekisesi akatonga
nyika zana namakumi maviri nenomwe kubva kuIndia kusvika kuEtiopia:
[2] Panguva iyo mambo Zekisesi akatonga ari pachigaro chake choumambo
munhare yeShushani [3] uye mugore rake rechitatu akaitira makurukota
ake ose navabati vake mabiko. Vakuru vehondo yePezhia neMedhia,
machinda namakurukota enyika aivapo.
[4] Akaratidza kuwanda kwepfuma youmambo hwake uye nokuyevedza
nokubwinya kwoumambo hwake kwamazuva zana namakumi masere
akazara. [5] Mazuva aya akati apera, mambo akaita mabiko akapedza
mazuva manomwe, mumunhanga webindu romuzinda wamambo achi-
itira vanhu vose kubva kuvadiki kusvikira kuvakuru, vaigara munhare
yeShushani. [6] Bindu raiva nezvakarembedzwa zvichena nezvebhu-
ruu zvomucheka, zvakanga zvakasungirirwa nezvisungo zvomucheka
muchena nowepepuru, kuzvikochekedzo zvesirivha pamusoro pem-
biru dzamatombo akanga akavezwa. Paiva nezvigaro zvegoridhe
nezvesirivha pamusoro penzira yamatombo mashava, machena na-
mamwewo anokosha. [7] Waini yaipiwa vanhu mumidziyo yegoridhe,
yakasiyana-siyana, uye waini yamambo yakanga yakawanda, samambo,
asingavanyimi napaduku. [8] Vakakokwa vakabvumirwa kunwa pamadiro,
nokuti mambo akarayira vatariri vewaini vose kuti vagovere mumwe
nomumwe sezvaaida.
[9] VaHosi Vhashiti vakaitawo mabiko amadzimai mumuzinda waMambo
Zekisesi.
[10] Pazuva rechinomwe, Mambo Zekisesi afara kwazvo mumwoyo
make nokuda kwewaini, akarayira varanda vanomwe vaimushumira,
Mehumani, Bhizita, Habhona, Bhigita, Abhagita, Zeta naKakasi, [11] kuti
vauye navaHosi Vhashiti, vakapfeka korona youmambo, kuti aratidze
runako rwavo kuvanhu nokumakurukota, nokuti vakanga vakanaka
pakuonekwa. [12] Asi pakasvika shoko rakanga rarayirwa namambo, vaHosi
Vhashiti vakaramba kuuya. Ipapo mambo akashatirwa zvikuru uye
akatsva nehasha.
[13] Ipapo mambo akabvunza vachenjeri vaiziva murayiro uye vainzwi-
sisa zvenguva sezvo yaiva tsika yamadzimambo kubvunza nyanzvi
dzezvomurayiro nokururamisira, [14] uye vaiva pedyo kwazvo namambo
vaiti: Kashena, Sheta, Adhumata, Tashishi, Meresi, Masena naMemukani,
makurukota manomwe ePezhia neMedhia avo vaiva nekodzero yokupinda
kuna mambo uye vaikudzwa muumambo.
[15] Akabvunza achiti, "Pamurayiro chii chinofanira kuitwa kuna vaHosi
Vhashiti? Havana kuteerera kurayira kwaMambo Zekisesi sokuudzwa
kwavaitwa navaranda."
[16] Ipapo Memukani akapindura pamberi pamambo namakurukota akati,
"VaHosi Vhashiti vaita zvakaipa, kwete kuna mambo chete asi nokumaku-
rukota ose nokuvanhu vose venyika dzose dzamambo Zekisesi. [17] Nokuti
zvaitwa navahosi zvichazivikanwa navakadzi vose, nokudaro vachazvidza
varume vavo vachiti, 'Inga wani Mambo Zekisesi vakarayira vaHosi
Vhashiti kuti vauye vamire pamberi pavo, asi vakaramba kuuya.' [18] Iye
nhasi uno vakadzi vamakurukota ePezhia neveMedhia vanzwa zvaitwa
navahosi vachaitawo saizvozvo kumakurukota amambo. Kusakudzana
nenyonganyonga hazvimbozoperi.

[19] "Naizvozvo, kana mambo achifara nazvo, ngaateme chirevo
chamambo uye ngachinyorwe mumirayiro yavaPezhia navaMedhia, isin-
gagoni kushandurwa kuti Vhashiti haachazosvikizve pamberi paMambo
Zekisesi. Uyezve mambo ngaape chinzvimbo chake muumambo kuno
mumwe ari nani kupinda iye. [20] Ipapo kana chirevo chamambo
chaziviswa muumambo hwake hwose, vakadzi vose vachakudza varume
vavo, kubva kumudiki kusvikira kumukuru."
[21] Mambo namakurukota ake vakafadzwa nezano iri, saka mambo
akaita sezvakanga zvarehwa naMemukani. [22] Akatumira matsamba
kumativi ose oumambo hwake, kunyika imwe neimwe norunyoro rwayo
nokumunhu mumwe nomumwe nomutauro wake achizivisa norurimi
rwavanhu kuti murume mumwe nomumwe ave nesimba pamusoro
peimba yake.

# 2

*Esteri anoitwa vaHosi*
[1] Mushure mezvinhu izvi kutsamwa kwamambo Zekisesi kwapera,
akarangarira Vhashiti nezvaakanga aita uye nezvaakanga atema pamu-
soro pake. [2] Ipapo varanda vamambo vaimushandira vakati, [3] "Mambo
ngaatsvakirwe mhandara dzakanaka. Mambo ngaagadze nhume munyika
dzose dzoumambo hwake kuti vauye navasikana vakanaka munzvimbo
inogara vakadzi panhare yeShushani. Ngavachengetwe naHegai, mu-
randa wamambo anoona nezvamadzimai, uye zvinopa runako ngazvipiwe
kwavari. [4] Zvino musikana uyo anofadza mambo ngaave vahosi pach-
inzvimbo chaVhashiti." Zano iri rakafadza mambo, uye akaita saizvozvo.
[5] Zvino munhare yeShushani maiva nomuJudha worudzi rwaBhen-
jamini, ainzi Modhekai mwanakomana waJairi, mwanakomana waShimei,
mwanakomana waKishi, [6] akanga atapwa kubva kuJerusarema naNeb-
hukadhinezari mambo weBhabhironi, ari pakati paavo vakatapwa pamwe
chete naJehoyakini mambo weJudha. [7] Modhekai aiva nomwanasikana
wasekuru vake ainzi Hadhasa, waakanga arera nokuti akanga asina
mai kana baba. Musikana uyu ainziwo Esteri, akanga akanaka kwazvo
pachimiro napaunhu, uye Modhekai akanga amutora somwanasikana
wake pakufa kwakaita mai vake nababa vake.
[8] Zvino murayiro nomutemo wamambo zvakati zvaziviswa, vasikana
vazhinji vakauyiswa kunhare yeShushani ndokuiswa pasi paHegai kuti
avachengete. NaEsteriwo akatorwa akaiswa mumuzinda wamambo
akachengetwa naHegai, aiva muchengeti wenzvimbo yaigara madzimai.
[9] Musikana akamufadza akawana nyasha kwaari. Pakarepo akamupa
zvinonhuhwira zvinowedzera runako uye nezvokudya zvakatsaurwa.
Akamupa vasikana vanomwe vakanga vasarudzwa kubva munhare
yamambo ndokumuendesa iye navasikana vake kunzvimbo yakanga
yakanakisisa muimba yavakadzi.
[10] Esteri akanga asina kutaura rudzi rwake nemhuri yake, kana
kwaaibva, nokuti Modhekai akanga amurambidza kuita izvozvo. [11] Zuva
rimwe nerimwe aitenderera ari pedyo noruvazhe rwenzvimbo yaigariswa
vanhukadzi achida kuona kuti Esteri akadini uye kuti chii chaiitika kwaari.
[12] Musikana aifanira kupedza mwedzi gumi nemiviri achizvinatsa nezvi-
nonhuhwira dzoro rake risati rasvika rokupinda kuna mambo Zekisesi
sokurongerwa kwaiitirwa vanhukadzi, mwedzi mitanhatu yamafuta
emura uye mwedzi mitanhatu yezvinonhuhwira nezvizoro. [13] Zvino
aya ndiwo aiva maendero ake kuna mambo: Aipiwa chinhu chipi

nechipi chaaida kutora kuti aende nacho kumuzinda wamambo paainge
achibva kwaigara vanhukadzi. 14 Ava manheru aipota achiendako
uye mangwanani achidzokera kune rimwe kamuri raigara vanhukadzi
kwaichengetwa naShaashigazi, muranda wamambo aiva muchengeti
wavarongo. Aisadzokerazve kuna mambo kunze kwokunge mambo
afadzwa naye akamudaidza nezita.

15 Dzoro raEsteri rakati rasvika (musikana akanga atorwa kuti ave
mwana naModhekai, mwanasikana wasekuru vake Abhihairi) rokuenda
kuna Mambo, haana chaakakumbira kunze kwezvaakaudzwa naHegai,
muranda wamambo aiva mutariri wenzvimbo yaigarwa navanhukadzi.
Zvino Esteri akawana nyasha kuna vose vakamuona. 16 Akaendeswa
kuna Mambo Zekisesi muimba youmambo mumwedzi wegumi, mwedzi
waTibheti, mugore rechinomwe rokutonga kwake.

17 Zvino mambo akayevedzwa naEsteri kupfuura ani naani zvake
wavamwe vakadzi, uye akawana nyasha kwaari akagamuchirwa kup-
fuura ani zvake pakati pedzimwe mhandara. Saka akagadza korona
youmambo pamusoro wake akamuita vahosi panzvimbo yaVhashiti.
18 Zvino mambo akaita mabiko makuru, mabiko aEsteri, achiitira maku-
rukota ake ose navabati. Akadaidzira zuva rezororo munyika dzose
akagovera zvipo, zvakawanda sezvakakodzera mambo.

### *Modhekai anoburitsa pachena rangano yakaipa*

19 Mhandara dzakati dzaungana kechipiri, Modhekai akanga akagara
pasuo ramambo. 20 Asi Esteri akanga avanza nhoroondo yemhuri
yake norudzi rwake sezvaakanga audzwa naModhekai, nokuti akaramba
achitevera kurayira kwaModhekai nezvaaisiita acharerwa naye.

21 Panguva iyo Modhekai akanga akagara pasuo ramambo, Bhigi-
tana naTereshi, vabati vaviri vamambo vairinda mukova vakatsamwa
ndokubva varangana kuuraya Mambo Zekisesi. 22 Asi Modhekai
akazviziva ndokubva audza Esteri nezverangano iyi, iye ndokuzvizivisa
kuna mambo, achiti akanga anzwa naModhekai. 23 Zvino shoko iri
rakati raferefetwa uye rikawanikwa riri rechokwadi, vabati vaviri ava
vakasungirwa pamatanda vakafa. Zvose izvi zvakanyorwa mubhuku
renhoroondo pamberi pamambo.

# 3

### *Hamani anoronga kuparadza vaJudha*

1 Shure kwaizvozvo, Mambo Zekisesi akaremekedza Hamani mwanako-
mana waHamedhata, muAgagi, akamukwidziridza nokumupa chi-
garo chinokudzwa chakanga chiri pamusoro-soro kupfuura zvamamwe
makurukota ose. 2 Vabati vose vomuumambo vaimira pamusuo
vakamupfugamira vakapa rukudzo kuna Hamani, nokuti mambo akanga
arayira kuti aitirwe izvi. Asi Modhekai akanga asingamupfugamiri kana
kumukudza.

3 Ipapo vabati vaimira pasuo ramambo vakabvunza Modhekai vakati,
“Sei usingateereri murayiro wamambo?” 4 Zuva nezuva vaitaura naye
asi iye akaramba kuvanzwa. Naizvozvo vakaudza Hamani izvozvo kuti
vaone kuti maitiro aModhekai angangoregererwa here, nokuti iye akanga
avaudza kuti aiva muJudha.

5 Hamani akati aona kuti Modhekai akanga asingamupfugamiri kana
kumuremekedza, akatsamwa kwazvo. 6 Asi paakanzwa kuti vanhu va-
Modhekai vaiva vapi akafunga zvokusauraya Modhekai chete. Panzvimbo
yokuita izvi, Hamani akatsvaka nzira yokuuraya vanhu vose vaModhekai,
vaJudha vose vaiva muumambo hwaZekisesi.
7 Mugore regumi namaviri raMambo Zekisesi mumwedzi wokutanga,
mwedzi waNisani, vakakanda puri (ndiwo mujenya) pamberi paHamani
kuti vasarudze zuva nomwedzi. Mujenya wakawira pamwedzi wegumi
nemiviri, mwedzi waAdha.
8 Ipapo Hamani akati kuna Mambo Zekisesi, "Kuna vamwe vanhu
vakapararira nokutekeshera vari pakati pamarudzi mumatunhu oushe
hwenyu vane tsika yakasiyana navamwe vanhu vose uye havateereri
mirayiro yamambo; hazvinganakiri mambo kuti muvaregerere. 9 Kana
mambo achifara nazvo, ngapaiswe chirevo chokuti vaparadzwe, uye ini
ndicharipa matarenda zviuru gumi* esirivha mudura repfuma yamambo
kuti igoshandiswa kuripira avo vachabata basa iri ramambo."
10 Naizvozvo mambo akatora mhete yechindori kubva pamunwe wake
akaipa kuna Hamani mwanakomana waHamedhata, muAgagi, muvengi
wavaJudha. 11 Mambo akati kuna Hamani, "Chengeta mari uye uite
zvaunoda navanhu."
12 Zvino pazuva regumi namatatu romwedzi wokutanga vanyori va-
mambo vakadaidzwa. Vakanyora namanyorero enyika imwe neimwe
uye nomutauro worudzi rumwe norumwe zvose zvakarayirwa naHamani
kumakurukota ehurumende, navabati venyika dzakasiyana-siyana na-
makurukota amarudzi akasiyana-siyana. Tsamba idzi dzakanyorwa
muzita raMambo Zekisesi pachake uye dzikasimbiswa nemhete yake.
13 Matsamba aya akatumirwa navatakuri vamatsamba kunyika dzose
dzamambo Zekisesi dziine murayiro wokuparadza, kuuraya, nokupedza
vaJudha vose, vadiki navakuru, vakadzi navana vadiki, nokupamba
zvinhu zvavo, nezuva rimwe chete, pazuva regumi namatatu romwedzi
wegumi nemiviri, iwo mwedzi waAdha. 14 Rimwe gwaro rechirevo ichi
raizodzikwa somutemo mudunhu rimwe nerimwe, vanhu vendudzi dzose
vachizoziviswa kuti vagare vakagadzirira zuva iroro.
15 Vatakuri vamatsamba vakabuda nokukasika sokurayira kwamambo,
vakandozivisa chirevo panhare yeShushani. Mambo naHamani vakagara
pasi kuti vanwe, asi guta reShushani rakanyonganiswa.

# 4

*Modhekai anokumbirisa Esteri kuti abatsire*

1 Modhekai paakanzwa zvose zvakanga zvaitwa, akabvarura nguo
dzake, akapfeka masaga, akazvizora madota, akapinda muguta achiun-
gudza neshungu kwazvo. 2 Asi akangosvika pasuo ramambo chete, nokuti
munhu akapfeka masaga akanga asingabvumirwi kupinda. 3 Munyika
ipi neipi makasvika chirevo nomurayiro wamambo, maiva nokuchema
kukuru pakati pavaJudha, nokutsanya, kuchema, nokuungudza. Vazhinji
vakapfeka masaga vakarara mumadota.
4 Varandakadzi vaEsteri navaranda vake pavakasvika vakamuudza
nezvaModhekai, akatambudzika zvikuru. Akamutumira mbatya kuti
apfeke panzvimbo yamasaga ake, asi haana kuzvigamuchira. 5 Ipapo
Esteri akatuma Hataki, mumwe wavaranda vamambo vaimushandira,

* 3:9 3:9 matani angaita 345

akamurayira kuti atsvake kuti dambudziko raModhekai raiva rei uye kuti
rakanga ravapo nokuda kwei.
6 Saka Hataki akabuda akaenda kuna Modhekai pachivara cheguta
pamberi pesuo ramambo. 7 Modhekai akamuudza zvose zvakanga
zvaitika kwaari, pamwe chete nemari chaiyoiyo yakanga yavimbiswa
naHamani kuti achaisa mudura ramambo kuti vaJudha vaparadzwe.
8 Akamupawo gwaro rechirevo chezvokuparadzwa zvachose kwavo,
rakanga raparadzirwa muShushani, kuti andoratidza Esteri uye amutsanangurire
nezvaro, uye akamuudza kuti amukurudzire kuti aende
andomira pamberi pamambo akumbire kuti vanzwirwe ngoni uye
agoreverera vanhu vake kwaari.
9 Hataki akadzokerazve akandozivisa Esteri zvakanga zvarehwa naModhekai.
10 Ipapo akamurayira kuti andoti kuna Modhekai, 11 "Vabati
vose vamambo navanhu vomunyika dzamambo vanoziva kuti mambo
vanongova nomurayiro mumwe wokuti, murume upi zvake kana mukadzi
anosvika pana mambo muruvazhe rwomukati asina kudaidzwa anofanira
kuurayiwa. Anongoraramiswa chete kana mambo atambanudzira
tsvimbo yake yegoridhe kwaari. Asi mazuva makumi matatu atopfuura
mushure mokunge ndadaidzwa kuti ndiende kuna mambo."
12 Mashoko aEsteri akati aziviswa kuna Modhekai, 13 iye akapindura
achiti, "Usafunga kuti zvauri mumba mamambo iwe woga pakati pavaJudha
uchapunyuka. 14 Nokuti kana iwe ukanyarara panguva ino,
kusunungurwa nokurwirwa kwavaJudha zvichabva kune imwe nzvimbo,
asi iwe nemhuri yababa vako muchaparara. Zvino ndiani angaziva
zvakaita kuti uve muimba youmambo nenguva yakaita seino?"
15 Ipapo Esteri akatumira mhinduro kuna Modhekai achiti, 16 "Enda
unounganidza vaJudha vose vari muShushani, muzvinyime zvokudya
nokuda kwangu. Musadya kana kunwa kwamazuva matatu, usiku
namasikati. Ini navarandakadzi vangu tichazvinyima zvokudya sezvamuchaita
imi. Kana izvi zvaitwa, ndichaenda kuna mambo, kunyange
zvisingatenderwi nomurayiro. Uye kana ndichiparara, ndichaparara
hangu."
17 Saka Modhekai akaenda akaita zvose zvakanga zvarayirwa naEsteri.

# 5

*Chikumbiro chaEsteri kuna Mambo*

1 Pazuva rechitatu Esteri akapfeka nguo dzake dzouhosi ndokumira
muruvazhe rwomukati momuzinda, pamberi peimba yamambo. Mambo
akanga akagara pachigaro chake choushe mumba, akatarisana nomukova.
2 Paakaona vaHosi Esteri vakamira muruvanze, akafadzwa naye
ndokumutambanudzira tsvimbo yake yegoridhe yaiva muruoko rwake.
Naizvozvo Esteri akaswedera ndokubata muromo wetsvimbo.
3 Ipapo mambo akamubvunza achiti, "Uri kureveiko, vaHosi Esteri?
Chikumbiro chako ndecheiko? Kunyange hafu youshe uchaipiwa."
4 Esteri akati, "Kana zvichifadza mambo, mambo ngaauye nhasi pamwe
chete naHamani, kumabiko andakugadzirirai."
5 Mambo akati, "Hamani ngaauye nokuchimbidza, kuti tiite zvinokumbirwa
naEsteri."
Naizvozvo mambo naHamani vakaenda kumabiko akaitwa naEsteri.
6 Pavakanga vachinwa waini, mambo akabvunzazve Esteri achiti, "Zvino,
chikumbiro chako ndechei? Uchachipiwa. Uye unokumbireiko? Kunyange
hafu youshe, uchapiwa."

7 Esteri akapindura akati, “Chichemo changu nechikumbiro changu
ndeichi: 8 Kana ndanzwirwa nyasha namambo uye kana zvichifadza
mambo kupedza chichemo changu nokuzadzisa chikumbiro changu,
mambo ngaauye mangwana naHamani kumabiko andichavagadzirira.
Ipapo ndichapindura mubvunzo wamambo.”

*Hasha dzaHamani kuna Modhekai*

9 Pazuva iro, Hamani akaenda achifara nomufaro mukuru mum-
woyo make. Asi paakaona Modhekai pasuo ramambo uye akaona
kuti akanga asingasimuki kana kuratidza kutya pamberi pake, akazara
nehasha nokuda kwaModhekai. 10 Zvakadaro hazvo, Hamani akazvidzora
ndokubva aenda kumba.

Akadana shamwari dzake pamwe chete naZereshi, mukadzi wake,
11 Hamani akavarondedzera nezvepfuma yake zhinji, zvokuwanda kwa-
vanakomana vake, uye nenzira dzose dzaakaremekedzwa nadzo na-
mambo nokuti akakwidziridzwa sei pamusoro pamamwe makurukota
navabati. 12 Hamani akatizve, “Hazvisi izvozvo chete, ndini chete
munhu akakokwa navahosi Esteri kuti ndiperekedze mambo kumabiko
aakatiitira. Zvino andikokazve mangwana pamwe namambo. 13 Asi zvose
izvi handigutsikani nazvo kana ndichiona muJudha uyu Modhekai agere
pasuo ramambo.”

14 Mukadzi wake Zereshi neshamwari dzake dzose vakati kwaari, “Misa
matanda akareba makubhiti makumi mashanu[*], ugokumbira mambo
panguva dzamangwanani kuti Modhekai asungirirwepo. Ipapo ugoenda
namambo kumabiko nomufaro.” Shoko iri rakafadza Hamani, ndokubva
aita kuti matanda amiswe.

# 6

*Modhekai anoremekedzwa*

1 Usiku ihwohwo mambo akashaya hope; saka akarayira kuti mabhuku
enhoroondo nezvinyorwa zvokutonga kwake zviuyiswe uye agozviv-
erengerwa. 2 Vakawana zvakanyorwamo kuti Modhekai akaburitsa
pachena kuti Bhigitana naTereshi, vabati vaviri vamambo vaichengeta
mukova, vakanga varangana kuuraya Mambo Zekisesi.

3 Mambo akabvunza akati, “Modhekai akagamuchira kukudzwa
nerumbidzo yei nokuda kwaizvozvi.”

Varanda vake vakati, “Hapana chaakaitirwa.”

4 Mambo akati, “Ndiani ari muruvazhe?” Zvino Hamani akanga
achangopinda muruvazhe rwokunze rwapamuzinda kuti azotaura kuna
mambo maererano nokusungirira Modhekai pamatanda aakanga amisa.

5 Varanda vake vakati, “Hamani amire paruvazhe?”

Mambo akarayira achiti, “Uyai naye muno.”

6 Hamani paakapinda, mambo akamubvunza achiti, “Chii chingaitwa
namambo kumunhu waangafarira kukudza?”

Ipapo Hamani akati mumwoyo make, “Ndiani aripo angada kukudzwa
namambo kunze kwangu?” 7 Naizvozvo akapindura mambo akati,
“Iye munhu, mambo waanofarira kukudza, 8 ngavamutorere nguo
youshe yakambopfekwa namambo nebhiza rakambotasvwa namambo,
rine korona youshe yakaiswa pamusoro paro. 9 Ipapo nguo youshe
nebhiza ngazviiswe kuno mumwe wamakurukota amambo anokudzwa

* **5:14** 5:14 mamita angaita 23

kwazvo. Ngavapfekedze munhu uyo mambo waanofarira kukudza, vamutungamirire ari pabhiza vachipinda nomumigwagwa iri pakati peguta, vachidanidzira pamberi pake vachiti, 'Izvi ndizvo zvinoitirwa munhu uyo mambo anofarira kukudza!' "

10 Mambo akarayira Hamani achiti, "Enda nokukurumidza, utore nguo nebhiza uitire Modhekai muJudha, sezvawareva, uyo anogara pasuo ramambo. Usambosiya kana chinhu chimwe chezvawareva."

11 Saka Hamani akatora nguo nebhiza, akapfekedza Modhekai, uye akamutungamirira ari pamusoro pebhiza napakati pemigwagwa yeguta, achidanidzira pamberi pake achiti, "Izvi ndizvo zvinoitwa namambo kumunhu waanofarira kukudza!"

12 Mushure mezvo Modhekai akadzokera pasuo ramambo. Asi Hamani akakurumidza kudzokera kumba, achichema akafukidza musoro wake,
13 uye akandoudza Zereshi mukadzi wake neshamwari dzake dzose zvose zvakanga zvaitika kwaari.

Varayiri vake nomukadzi wake Zereshi vakati kwaari, "Sezvo Modhekai, uyo aita kuti uwe pamberi pake, ari wechiJudha, haugoni kumirisana naye, zvirokwazvo uchaparara!" 14 Vakati vachiri kutaura naye, varanda vamambo vakasvika ndokuita kuti Hamani aende kumabiko akanga agadzirwa naEsteri.

# 7

*Hamani anosungirirwa*

1 Naizvozvo mambo naHamani vakaenda kundodya navaHosi Esteri,
2 uye pavakanga vachinwa waini pazuva rechipiri, mambo akabvunzazve akati, "VaHosi Esteri, muri kukumbireiko? Muchapiwa. Chikumbiro chenyu ndechei? Kunyange kusvika pahafu youshe, muchazviitirwa."

3 Ipapo vaHosi Esteri vakapindura vakati, "Kana ndawana nyasha kwamuri, imi Mambo, uye kana zvichifadza mambo, ndinokumbira kuti ndipiwe upenyu hwangu, ndicho chichemo changu, uye navanhu vangu, ndicho chikumbiro changu. 4 Nokuti ini navanhu vangu takatengeswa kuti tiurayiwe tiparadzwe zvachose. Kana dai takanga tangotengeswa senhapwa dzavarume navakadzi, ndingadai ndaingonyarara, nokuti kutambudzika kwakadai hakukodzere kuti mambo akanganiswe zvaari kuita."

5 Mambo Zekisesi akabvunza vaHosi Esteri akati, "Ndiani iyeye? Aripi munhu iyeye afunga kuita chinhu chakadai?"

6 Esteri akati, "Mudzivisi nomuvengi ndiyeyu Hamani ane utsinye."

Ipapo Hamani akatya pamberi pamambo navahosi. 7 Mambo akaviruka nehasha, akasiya waini yake ndokuenda kubindu romuzinda. Asi Hamani, achiona kuti mambo akanga atoronga magumo ake, akasara achiti akumbire upenyu hwake kuna vaHosi Esteri.

8 Mambo paakadzoka kubva kubindu romuzinda achidzokera kuimba yamabiko, Hamani akanga azviwisira pachigaro chakanga chigere Esteri.

Mambo akati, "Asi otoda kuchinyira mambokadzi muno mumba ndinaye here?"

Pakarepo shoko parakangobuda mumuromo wamambo, vakafukidza uso hwaHamani. 9 Ipapo Habhona, mumwe wavaranda vaishandira mambo akati, "Pane danda rakareba makubhiti makumi mashanu*

* **7:9** 7:9 mamita angaita 23

rakamiswa paimba yaHamani. Akanga akarigadzirira Modhekai, uyo
akataura zvakanaka kuti mambo abatsirwe."

Mambo akati, "Musungirirei iye ipapo!" 10 Naizvozvo vakasungirira
Hamani pamatanda aakanga agadzirira Modhekai. Ipapo kutsamwa
kwamambo kwakadzikira.

# 8

*Chirevo chaMambo pamusoro pavaJudha*

1 Pazuva iroro Mambo Zekisesi akapa imba yaHamani muvengi wava-
Judha kuna vaHosi Esteri. Uye Modhekai akauya pamberi pamambo,
nokuti Esteri akanga amuudza nezvoukama hwake naye. 2 Mambo
akabvisa mhete yake yechindori, yaakanga atorazve kubva kuna Hamani,
ndokuipa Modhekai. Uye Esteri akamugadza kuti ave mutariri weimba
yaHamani.

3 Ipapo Esteri akakumbirisa zvakare akawira patsoka dzake achichema.
Akakumbirisa kuti amise urongwa hwakaipa hwaHamani muAgagi,
hwaakanga arongera vaJudha. 4 Ipapo mambo akatambanudzira tsvimbo
yake yegoridhe kuna Esteri iye akasimuka akamira pamberi pake.

5 Akati, "Kana zvichifadza mambo, uye kana achinditarisa nenyasha
nokufunga kuti chinhu chakanaka kuita, uye kana achindifarira, mu-
rayiro ngaunyorwe unodzima tsamba dzakanga dzanyorwa naHamani
mwanakomana waHamedhata, muAgagi, dzokuparadza vaJudha mu-
matunhu ose amambo. 6 Ndingagona seiko kuona kuparadzwa kuchiwira
kuvanhu vangu? Ndingashinga sei ndichiona kuparadzwa kworudzi
rwangu?"

7 Ipapo Mambo Zekisesi akapindura vaHosi Esteri naModhekai mu-
Judha achiti, "Nokuti Hamani akarwisa vaJudha, ndapa imba yake
kuna Esteri, uye ivo vamuturika padanda. 8 Zvino chinyorai chimwe
chirevo muzita ramambo sezvamunoona zvakakunakirai mugochisimbisa
nemhete yamambo, nokuti hakuna gwaro rakanyorwa muzita ramambo
rikasimbiswa nemhete yake ringashandurwa."

9 Pakarepo vanyori vamambo vakadaidzwa, pazuva ramakumi maviri
namatatu romwedzi wechitatu, mumwedzi waSivhana. Vakapa zvose
zvakarayirwa naModhekai kuvaJudha, nokuvakuru vehondo, navabati
uye namakurukota enyika dzaiva zana namakumi maviri nenomwe
kubva kuIndia kusvika kuEtiopia. Zvakarayirwa izvi zvakanyorwa
namanyorerwo enyika imwe neimwe nomutauro wenyika imwe neimwe.
10 Modhekai akanyora muzita raMambo Zekisesi, uye akasimbisa tsamba
dzacho nemhete yamambo, uye akadzitumira navatakuri vetsamba vainge
vakatasva mabhiza aimhanya kwazvo akanga akapfuwirwa mambo.

11 Chirevo chamambo chakapa vaJudha vaiva muguta rimwe nerimwe
mvumo yokuungana nokuzvidzivirira; kuuraya nokuparadza zvachose
varwi vapi zvavo vakapakata zvombo, vorudzi rupi norupi, kana nyika
ipi yaigona kuzovarwisa ivo navakadzi vavo navana vavo; uye kupamba
midziyo yavavengi vavo. 12 Zuva regumi namatatu romwedzi waAdhari
ndiro zuva rakanga rakatsaurirwa vaJudha kuti vaite izvi munyika yose
yaMambo Zekisesi. 13 Chinyorwa chechirevo ichi chaifanira kupiwa
somutemo mudunhu rimwe nerimwe nokuziviswa kuvanhu vamarudzi
ose kuitira kuti pazuva iroro vaJudha vange vakagadzirira kutsiva vavengi
vavo.

14 Vatakuri vetsamba vakatasva mabhiza ashe vakaamhanyisa kwazvo, vachisundwa nokurayira kwamambo. Uye chirevo chakaziviswawo munhare yeShushani.

15 Modhekai akabva pamberi pamambo akapfeka nhumbi dzoumambo dzaiva namavara ebhuruu namachena, korona huru yegoridhe nenguo yepepuru yomucheka wakaisvonaka. Guta reShushani rakaita mhem-
berero nomufaro mukuru. 16 KuvaJudha kwaiva nechiedza, nomufaro
nokufarisisa nokukudzwa. 17 Munyika imwe neimwe, uye mumaguta
ose, makasvika chirevo chamambo, maiva nomufaro nokufarisisa pakati pavaJudha, vachiita mabiko nokupembera. Uye vanhu vazhinji vedzimwe ndudzi vakava vaJudha nokuda kwokutya kwakanga kwavabata.

# 9

*Kukunda kwavaJudha*

1 Zvino mumwedzi wegumi nemiviri nezuva regumi namatatu romwedzi waAdhari, chirevo chakanga charayirwa namambo chaifanira kuzadziswa. Pazuva iri, vavengi vavaJudha vakanga vatarisira kuvakunda, asi zvino zvinhu zvakavapindukira, vaJudha vakava noruoko
rune simba pamusoro paavo vaivavenga. 2 VaJudha vakaungana mu-
maguta avo munyika dzose dzaMambo Zekisesi kuti varwise avo vaitsvaka
kuparadzwa kwavo. 3 Uye makurukota ose enyika, navakuru vehondo,
vabati namachinda amambo vakabatsira vaJudha, nokuti vakanga vava
kutya Modhekai. 4 Modhekai akanga ari mukuru mukuru mumuzinda;
mbiri yake yakapararira munyika yose, uye akava nesimba rakaramba richikura.

5 VaJudha vakabaya vavengi vavo vose nomunondo, vakavauraya
vakavaparadza, uye vakaita zvavaida kune avo vaivavenga. 6 VaJudha
vakauraya uye vakaparadza varume vanokwana mazana mashanu
munhare yeShushani. 7 Vakaurayawo Parishandota, Dharifona, Asipata,
8 Porata, Adharia, Aridhata, 9 Pamashita, Arisai, Aridhai naVhaizata,
10 vanakomana gumi vaHamani, mwanakomana waHamedhata, muvengi wavaJudha. Asi havana kubata zvakapambwa.

11 Vakaurayiwa munhare yeShushani vakaziviswa kuna mambo zuva
iroro. 12 Mambo akati kuna Esteri, "VaJudha vauraya uye vaparadza mazana mashanu avarume uye vanakomana gumi vaHamani munhare yeShushani. Vaitei kune dzimwe nzvimbo dzenyika yamambo? Zvino chikumbiro chako ndechei? Uchapiwa. Chichemo chako ndechei? Uchachiitirwawo."

13 Esteri akapindura akati, "Kana mambo achifara nazvo, ipai vaJudha vari muShushani mvumo yokuendererazve mberi mangwana nechirevo chezuva ranhasi, uye ngazviitike kuti vanakomana gumi vaHamani vasungirirwe pamatanda."

14 Saka mambo akarayira kuti izvi zviitwe. Chirevo chakapiwa
muShushani, ndokubva vasungirira vanakomana gumi vaHamani.
15 VaJudha vaiva muShushani vakaungana pamwe chete pazuva regumi namana romwedzi waAdhari, uye vakauraya mazana matatu avarume muShushani, asi havana kubata zvakapambwa.

16 Zvichakadaro, vakasara vavaJudha vaiva munyika yamambo vakaunganawo kuti vazvidzivirire uye kuti vanunurwe kubva kuvavengi vavo. Vakauraya zviuru makumi manomwe nezvishanu asi havana kubata
zvakapambwa. 17 Izvi zvakaitika pazuva regumi namatatu romwedzi

waAdhari, ndokubva vazorora pazuva regumi namana, vakariita zuva ramabiko nomufaro.

### *Mutambo wePurimu*

18 Kunyange zvakadaro, vaJudha vaiva muShushani vakanga vaungana pazuva regumi namatatu, neregumi namana, uyezve nezuva regumi namashanu, vakazorora ndokuriita zuva ramabiko nomufaro.

19 Ndokusaka vaJudha vomumaruwa, vanogara mumisha, vachicherechedza zuva regumi namana romwedzi waAdhari sezuva romufaro namabiko, zuva rokupana zvipo.

20 Modhekai akanyora zvakaitika izvi, ndokutuma matsamba kuvaJudha vose vaiva munyika yose yaMambo Zekisesi, vaiva pedyo nevaiva kure,
21 achivaudza kuti vapemberere gore negore zuva regumi namana neregumi namashanu romwedzi waAdhari, 22 senguva yakawanikwa rusununguko navaJudha kubva kuvavengi vavo, uye somwedzi uyo kusuruvara kwavo kwakashandurwa kukava mufaro, uye kuchema kwavo kukashandurwa kukava zuva rokupembera. Akavanyorera kuti vacherechedze mazuva aya samazuva amabiko nomufaro vachipana zvipo zvezvokudya, mumwe nomumwe, uyewo nokuvarombo.

23 Naizvozvo vaJudha vakabvumirana kuita zvavakanga vatanga, nokuita zvavakanga vanyorerwa naModhekai. 24 Nokuti Hamani mwanakomana waHamedhata, muAgagi, muvengi wavaJudha vose, akanga aronga kuparadza vaJudha uye akanga akanda puri, ndiwo mujenya, kuti vaparadzwe uye vaparadzwe zvachose. 25 Asi shoko iri rakati rasvika munzeve dzamambo, akanyora achirayira kuti zano rakaipa iri rakanga rarongwa naHamani rokurwisa vaJudha ridzokere pamusoro pake iye uye kuti iye navanakomana vake vasungirirwe pamatanda.
26 (Naizvozvo mazuva aya akadaidzwa kuti Purimu, kubva pavara rokuti puri.) Nokuda kwezvakanyorwa zvose mutsamba uye nokuda kwezvavakanga vaona, nezvakaitika kwavari, 27 vaJudha vakasarudza kusimbisa tsika yokuti ivo navana vavo navose vaizobatana navo vaifanira kucherechedza mazuva maviri aya gore negore vasingatongoregi, sezvazvakanga zvakanyorwa uye nenguva dzakatarwa. 28 Mazuva aya anofanira kurangarirwa agocherechedzwa, murudzi rumwe norumwe, mumhuri imwe neimwe, munyika imwe neimwe uye nomuguta rimwe nerimwe. Uye mazuva aya ePurimu haafaniri kutongoregwa kupembererwa navaJudha, uye kurangarirwa kwawo hakufaniri kuparara pakati pavana vavo.

29 Saka vaHosi Esteri, mwanasikana waAbhihairi, pamwe chete naModhekai muJudha, vakanyora nesimba rizere vachisimbisa tsamba iyi yechipiri maererano nePurimu. 30 Uye Modhekai akatumira tsamba kuvaJudha vose vaiva munyika zana namakumi maviri nenomwe dzoumambo hwaZekisesi, mashoko orugare nezvokwadi, 31 kuti asimbise mazuva aya ePurimu panguva dzaakatsaurirwa, sokurayirwa kwazvakaitwa naModhekai muJudha navaHosi Esteri, uye sezvavakanga vazvimisira ivo navana vavo munguva dzavo dzokutsanya nokuchema. 32 Chirevo chaEsteri chakasimbisa mitemo yePurimu, uye chakanyorwa mubhuku.

## 10

### *Ukuru hwaModhekai*

1 Mambo Zekisesi akadzika mutemo munyika yose, kusvika kuma-
hombekombe egungwa. 2 Uye mabasa ake ose esimba noukuru nerond-
edzero youkuru hwaModhekai hwaakanga asimudzirwa namambo, haana
kunyorwa here mubhuku renhoroondo dzegore negore dzamadzimambo
eMedhia nePezhia? 3 Modhekai muJudha aiva wechipiri kubva kuna
Mambo Zekisesi, mukuru pakati pavaJudha, uye airemekedzwa zvikuru
noruzhinji rwehama dzake dzechiJudha, nokuti akatsvakira vanhu vake
zvakanaka uye akakumbirira vaJudha vose kuti vagare zvakanaka.

# JOBHO

*Mavambo*

1 Munyika yeUzi maiva nomumwe murume ainzi Jobho. Murume
uyu akanga asina chaangapomerwa uye akarurama; aitya Mwari uye
ainzvenga zvakaipa. 2 Akanga ana vanakomana vanomwe navanasikana
vatatu, 3 uye akanga ana makwai zviuru zvinomwe, ngamera zviuru
zvitatu, nenzombe dzairingana majoko mazana mashanu, uye mazana
mashanu embongoro hadzi, navaranda vakawanda kwazvo. Akanga ari
munhu mukuru kuna vose pakati pavanhu vokumabvazuva.

4 Vanakomana vake vaisiita madzoro okuita mutambo mudzimba dzavo,
uye vaikokawo hanzvadzi dzavo nhatu kuzodya nokunwa pamwe chete
navo. 5 Nguva yomutambo yapera, Jobho aituma nhume kundovadana
kuti vazonatswa. Aimuka mangwanani-ngwanani achibayira mwana
mumwe nomumwe chipiriso chinopiswa, achiti, "Zvichida vana vangu
vakatadza uye vakatuka Mwari mumwoyo yavo." Aya ndiwo aiva maitiro
aJobho nguva dzose.

*Kuedzwa kwaJobho kwoKutanga*

6 Zvino rimwe zuva vatumwa vakauya kuzomira pamberi paJehovha,
naSataniwo akasvika pamwe chete navo. 7 Jehovha akati kuna Satani,
"Wabvepiko?" Satani akapindura Jehovha akati, "Ndabva pakupota-pota
nenyika napakukwidza nokudzika mairi."

8 Ipapo Jehovha akati kuna Satani, "Warangarira muranda wangu Jobho
here? Hakuna munhu akafanana naye panyika, haana chaanopomerwa
uye akarurama, munhu anotya Mwari uye anonzvenga chakaipa."

9 Satani akati, "Ko, Jobho anongotya Mwari pasina here? 10 Ko,
hamuna kumupoteredza noruzhowa iye neimba yake nezvose zvaanazvo
here? Makaropafadza basa ramaoko ake, uye pfuma yake yakatekeshera
munyika yose. 11 Asi tambanudzai henyu ruoko rwenyu murove zvose
zvaanazvo, zvirokwazvo achakutukai pachena."

12 Jehovha akati kuna Satani, "Saka zvakanaka, zvose zvaanazvo zviri
mumaoko ako, asi iye usamubata."

Ipapo Satani akabva pamberi paJehovha.

13 Rimwe zuva vanakomana vaJobho navanasikana vake vakati
vachidya uye vachinwa waini vari paimba yomukoma wavo mukuru,
14 nhume yakasvika kuna Jobho ikati, "Nzombe dzanga dzichirima
uye mbongoro dzanga dzichifura nechapedyo, 15 vaSebhia vakarwisa
vakazvitora vakaenda nazvo. Vauraya varanda nomunondo ini ndoga
ndini ndapunyuka kuti ndizokuzivisai!"

16 Achiri kutaura kudaro, imwe nhume yakasvika ikati, "Moto waMwari
waburuka kudenga ukapisa makwai navaranda, uye ini ndoga ndini
ndapunyuka kuti ndizokuzivisai!"

17 Achiri kutaura kudaro, imwe nhume yakasvika ikati, "VaKaradhea
vaita mapoka matatu okupamba vakatora ngamera dzenyu vakaenda
nadzo. Vauraya varanda venyu nomunondo, uye ini ndoga ndini
ndapunyuka kuti ndizokuzivisai!"

18 Achiri kutaura kudaro, imwezve nhume yakasvika ikati, "Vanako-
mana venyu navanasikana venyu vanga vachidya nokunwa waini vari
mumba momukoma wavo mukuru, 19 pakarepo mhepo huru yavhuvhuta

ichibva kugwenga ikarova makona mana eimba. Yawira pamusoro pavo
uye vafa, uye ini ndoga ndini ndasara kuti ndizokuzivisai!”
20 Ipapo Jobho akasimuka ndokubvarura nguo dzake akaveura musoro
wake. Ipapo akawira pasi 21 akanamata achiti:

“Ndakabuda mudumbu ramai vangu ndiri mushwi,
uye ndichadzokera ndiri mushwi.
Jehovha akapa uye Jehovha akatora,
Zita raJehovha ngaririrumbidzwe.”

22 Pazvinhu izvi zvose, Jobho haana kutadza kana kupa Mwari mhosva.

# 2

### *Kuedzwa kwaJobho kweChipiri*

1 Rimwe zuvazve vatumwa vakauya kuzomira pamberi paJehovha,
uye Satani akasvika pamwe chete navo kuti andomirawo pamberi pake.
2 Zvino Jehovha akati kuna Satani, “Wabvepiko?”

Satani akapindura Jehovha akati, “Ndabva pakupota-pota nenyika napakukwidza nokudzika mairi.”

3 Ipapo Jehovha akati kuna Satani, “Warangarira here muranda wangu
Jobho? Hakuna munhu akafanana naye panyika, haana chaanopomerwa uye akarurama, munhu anotya Mwari uye anonzvenga chakaipa. Uye anoramba amire pakururama kwake, kunyange iwe wakandikurudzira pamusoro pake kuti ndimuparadze pasina chikonzero.”

4 Satani akapindura achiti, “Ganda neganda! Munhu achapa zvose
zvaanazvo nokuda kwoupenyu hwake. 5 Asi tambanudzai ruoko murove
muviri wake namapfupa ake, uye zvirokwazvo achakutukai pachena.”

6 Jehovha akati kuna Satani, “Saka zvakanaka, ari mumaoko ako, asi haufaniri kubata upenyu hwake.”

7 Saka Satani akabva pamberi paJehovha akandorova Jobho namaronda anorwadza kubva pasi petsoka dzake kusvikira panhongonya yomusoro
wake. 8 Ipapo Jobho akatora chaenga akazvikwenya nacho paakanga agere
pakati pamadota.

9 Mukadzi wake akati, “Ucharambira pakururama kwako kusvikira riniko? Tuka Mwari ufe!”

10 Iye akapindura akati, “Iwe unotaura somukadzi benzi. Ko, tichagamuchira zvakanaka kubva kuna Mwari, tikashayiwa zvakaipa here?”

Muzvinhu izvi zvose, Jobho haana kutadza pane zvaakataura.

### *Shamwari Nhatu dzaJobho*

11 Shamwari nhatu dzaJobho, Erifazi muTemani, Bhiridhadhi muShuhi naZofari muNamati dzakati dzanzwa pamusoro pokutambudzika kwakanga kwawira pamusoro pake, vakabva kumisha yavo vakaungana pamwe chete vatenderana kuti vaende kundomudemba uye
vamunyaradze. 12 Vakati vamuona ari chinhambwe, havana kugona
kumuziva, vakatanga kuchema zvikuru, uye vakabvarura nguo dzavo
uye vakazvimwaya guruva pamisoro yavo. 13 Ipapo vakagara pasi naye
kwamazuva manomwe nousiku hunomwe. Hakuna munhu akagona kutaura kana shoko kwaari, nokuti vakaona kukura kwokutambudzika kwake.

# 3

### *Jobho anotaura*

1 Shure kwaizvozvo, Jobho akashamisa muromo wake ndokutuka zuva
rokuberekwa kwake. 2 Akati:
3 "Zuva rokuberekwa kwangu ngariparare,
uye nousiku hwakanzi, 'Kwaberekwa mwanakomana!'
4 Zuva iroro ngarishanduke rive rima;
Mwari wokudenga ngaarege kuva nehanya naro;
Chiedza ngachirege kuvhenekera pamusoro paro.
5 Rima nomumvuri wakasviba ngazviritore zvakare;
gore ngarigare pamusoro paro;
kusviba ngakufukidze chiedza charo.
6 Usiku uhwo rima guru ngaribate;
ngahurege kuverengwa pakati pamazuva egore
kana kunyorwa pamwedzi ipi zvayo.
7 Usiku uhwo ngahushaye chibereko;
ngaparege kunzwika kupembera kwomufaro mahuri.
8 Vanotuka mazuva ngavatuke zuva iro,
vaya vakagadzirira kumutsa Chikara Chikuru cheGungwa.
9 Nyeredzi dzahwo dzamangwanani ngadzisvibe;
ngahumirire chiedza chamasikati pasina
uye ngahurege kuona hwerazuva hwamambakwedza;
10 nokuti hahuna kundipfigira mikova yechizvaro
kuti huvanze dambudziko pamberi pangu.

11 "Ko, ndakaregererei kufa pakuberekwa kwangu,
nokufa pandaibuda mudumbu?
12 Mabvi akavapo seiko kuti andigamuchire
namazamu kuti ndinwe?
13 Nokuti zvino ndingadai ndakavata murugare;
ndingadai ndivete uye ndakazorora
14 namadzimambo namakurukota enyika,
vakazvivakira nzvimbo dzava matongo zvino,
15 navatongi vakanga vane goridhe,
vakazadza dzimba dzavo nesirivha.
16 Kana kuti sei ndisina kuvigwa
muvhu somwana asina kusvika,
somucheche asina kumboona chiedza chezuva?
17 Ikoko vakaipa vanorega kutambudza,
uye ikoko vakaneta vakazorora.
18 Nhapwa dzinofarirawo rugare rwadzo;
havachanzwizve kudanidzira kwomuchairi wenhapwa.
19 Vaduku navakuru variko,
uye nhapwa yakasunungurwa kubva pana tenzi wayo.

20 "Chiedza chinopirweiko vaya vari kusurukirwa,
uye upenyu kune ane shungu pamwoyo,
21 kuna vaya vanoshuva kufa irwo rusingauyi,
vanorutsvaka kupfuura pfuma yakavanzika,
22 vazere nomufaro
uye vanofara pavanosvika muguva?
23 Upenyu hunopirweiko munhu ane nzira yakavanzika,
iye akakomberedzwa naMwari noruzhowa?

24 Nokuti mafemo anosvika kwandiri pachinzvimbo chezvokudya,
kugomera kwangu kunodururwa semvura.
25 Zvandaitya zvakandivinga;
zvandaizeza zvaitika kwandiri.
26 Handina rugare, handina runyararo;
handina zororo, asi nhamo chete."

# 4

*Erifazi*

1 Ipapo Erifazi muTemani akapindura achiti:
2 "Kana mumwe munhu akava neshoko newe,
iwe uchashayiwa mwoyo murefu here?
Asi ndiani angarega kutaura?
3 Funga kuti wakadzidzisa vazhinji sei,
uye kuti wakasimbisa sei maoko asina simba.
4 Mashoko ako akatsigira vaya vakagumburwa;
wakasimbisa mabvi akaneta.
5 Asi zvino nhamo yasvika kwauri, uye iwe waora mwoyo;
inokurova, iwe ndokuvhunduka.
6 Ko, kutya kwako Mwari hakuzi chivimbo chako,
uye nzira dzako dzakarurama tariro yako here?

7 "Rangarira iye zvino: Ndianiko, asina mhaka, akamboparadzwa?
Ndokupiko kwakatongoparadzwa vakarurama?
8 Sezvandakaona, vaya vanodyara zvakaipa
navaya vanokusha nhamo ndizvo zvavanokohwa.
9 Vanoparadzwa nokufema kwaMwari;
vanoparara nokuputika kwehasha dzake.
10 Shumba dzingaomba nokunguruma,
nyamba meno eshumba huru akaguduka.
11 Shumba inoparara nokuda kwokushaya nyama,
uye vana veshumbakadzi vanopararira.

12 "Shoko rakauyiswa kwandiri muchivande,
nzeve dzangu dzakanzwa zevezeve raro.
13 Pakati pokurota hope dzinovhundutsa usiku,
hope huru padzinenge dzabata vanhu,
14 kutya nokudedera zvakandibata
zvikaita kuti mapfupa angu ose abvunde.
15 Mumwe mweya wakapfuura pamberi pechiso changu,
uye bvudzi romusoro wangu rikamira.
16 Wakamira,
asi ndakatadza kuziva kuti chaiva chii.
Chinhu chakamira pamberi pameso angu,
uye ndakanzwa inzwi rakanyarara richiti:
17 'Ko, munhu anofa, angava akarurama kupfuura Mwari here?
Ko, munhu angagona kuchena kukunda Muiti wake here?
18 Kana Mwari akasavimba navaranda vake,
kana akakanganisa kutonga vatumwa vake,
19 zvikuru sei kuna avo vanogara mudzimba dzevhu,
nheyo dzavo dziri muguruva,
dzinopwanyiwa nyore kupfuura chipfukuto!

20 Dzinoputsanyiwa pakati pamambakwedza namadekwana;
dzinoparara dzisingazoonekwi nokusingaperi.
21 Ko, mabote etende ravo haana kubviswa here
kuti vagofa vasina uchenjeri?'

# 5

1 "Chidana zvino kana uchida, asi ndianiko achadavira?
Uchadzokera kuno upiko wavatsvene?
2 Kutsamwa kunouraya benzi,
uye godo rinouraya asina mano.
3 Ini pachangu ndakaona benzi richidzika midzi,
asi pakarepo imba yake yakatukwa.
4 Vana vake havana kuchengetedzeka,
vanopwanyiwa padare vasina anovarwira.
5 Vane nzara vanodya zvaakacheka,
vachizvitora kunyange pakati peminzwa,
uye vane nyota vanodokwairira pfuma yake.
6 Nokuti kutambudzika hakububudi muvhu,
uye nhamo haimeri muvhu.
7 Asi munhu anoberekerwa nhamo,
zvirokwazvo sokubarika kwomoto kunokwira kumusoro.

8 "Asi dai ndakanga ndirini, ndaiturira mhosva yangu kuna Mwari;
ndaiisa mhaka yangu pamberi pake.
9 Anoita minana isingagoni kuyerwa,
zvishamiso zvisingagoni kuverengwa.
10 Anopa mvura panyika;
anotuma mvura pamusoro penyika.
11 Vanozvininipisa anovaisa pakakwirira,
uye vaya vanochema vanosimudzirwa kuchinzvimbo chokuchenget-
edzwa.
12 Anokonesa zvirongwa zvavanyengeri,
kuitira kuti maoko avo abate pasina.
13 Anobata vakachenjera muunyengeri hwavo,
uye zvirongwa zvenhubu zvinokukurwa.
14 Rima rinosvika pamusoro pavo masikati;
vanotsvanzvadzira masikati makuru sapausiku.
15 Anoponesa vanoshayiwa kubva pamunondo uri pamiromo yavo;
anovaponesa pakudzvinya kwavane simba.
16 Saka varombo vane tariro,
uye kusaruramisira kunopfumbira muromo wako.

17 "Akaropafadzwa munhu anogadziridzwa zvaari naMwari;
saka usazvidza kuranga kwoWamasimba Ose.
18 Nokuti anopa vanga, asi achisungazve;
anokuvadza, asi maoko ake anorapazve.
19 Achakurwira kubva panjodzi nhanhatu;
kunyange panomwe hakuna kukuvadzwa kuchakuwira.
20 Munzara achakudzikinura kubva parufu,
uye muhondo kubva pakubaya kwomunondo.
21 Uchadzivirirwa kubva pakurova kworurimi,

uye haungatyi panosvika kuparadza.
22 Uchaseka kuparadza nenzara,
uye haufaniri kutya zvikara zvenyika.
23 Nokuti uchaita sungano namabwe esango,
uye zvikara zvesango zvichava norugare newe.
24 Uchaziva kuti tende rako rakasimba,
uchaverenga zvinhu zvako ugowana zvakakwana.
25 Uchaziva kuti vana vako vachava vazhinji,
uye zvizvarwa zvako zvichaita souswa hwenyika.
26 Uchasvika paguva une simba guru,
sezvisote zvakaunganidzwa panguva yazvo.

27 "Takazviedza izvi, uye ndezvechokwadi.
Saka chizvinzwa ugozviita iwe pachako."

# 6

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 "Dai chete kurwadziwa kwangu kwaigona kuyerwa
uye kusuwa kwangu kwaiiswa pachiyero!
3 Zvirokwazvo zvairema kupfuura jecha ramakungwa,
hazvishamisi kana mashoko angu aiva okuvhurumuka.
4 Miseve yoWamasimba Ose iri mandiri,
mweya wangu unonwa muchetura wayo;
kutyisa kwaMwari kwagadzirira kurwa neni.
5 Ko, mbizi ingachema kana ine bundo here?
Ko, nzombe inokuma kana ine zvokudya here?
6 Ko, chokudya chisinganaki chingadyiwa chisina munyu here?
Ko, chichena chezai chinonaka here?
7 Ndinoramba kuzvibata;
zvokudya zvakadai zvinondirwarisa.

8 "Haiwa, dai ndapiwa hangu zvandinokumbira
kuti Mwari andipe zvandinotarisira,
9 kuti dai Mwari aida hake kundipwanya,
kuti aregere ruoko rwake rundiuraye!
10 Ipapo ndaizova hangu nokunyaradzwa uku,
mufaro wangu mukurwadziwa kusingagumi,
kuti handina kunge ndamboramba mashoko aiye Mutsvene.

11 "Ndinaro here simba, rokuti ndirambe ndine tariro?
Tariro yacho ndeyeiko kuti nditsungirire?
12 Ko, ndine simba rebwe here?
Ko, nyama yangu indarira here?
13 Ko, ndine simba here rokuti ndione kuti ndabatsirika,
sezvo zvino kubudirira kwakabviswa kwandiri?

14 "Munhu asina tariro anofanira kuwana rudo rweshamwari dzake,
kunyange iye arega kutya Wamasimba Ose.
15 Asi hama dzangu hadzivimbike sezvinongoita hova dzava kudira.
Sezvinongoita hova dzopfachukira,

16 dzinosviba pakunyungudika kwamagwada echando,
uye dzinozadzwa nokunyungudika kwamagwada echando,
17 asi dzinoguma kuyerera mumwaka wokupisa,
uye mihoronga yadzo inopwa mukupisa.
18 Mihoronga inotsauka kubva munzira dzayo;
inoenda kumakura ndokuparara.
19 Vafambi veTema vanotsvaka mvura,
vashambadziri veShebha vanomirira netariro.
20 Vachaora mwoyo, nokuti vaivimba nesimba ravo;
vasvikapo, vachashaya zvokuita.
21 Zvino nemiwo maratidza kusabatsira;
munoti mukaona chinhu chinotyisa mobva matya.
22 Ko, ndakamboti, 'Ndipeiwo chipo,
ndipei fufuro rinobva papfuma yenyu,
23 ndirwirei muruoko rwomuvengi,
ndidzikinurei mumaoko avanhu vano utsinye' here?

24 "Ndidzidzisei, uye ndichanyarara hangu;
ndiratidzei pandakakanganisa.
25 Mashoko echokwadi anorwadza sei!
Asi gakava renyu rinoratidzeiko?
26 Munoda kutsiura zvandareva,
nokutora mashoko omunhu arasa tariro semhepo here?
27 Muchada kana kukanda mijenya pamusoro penherera
uye nokutengesa shamwari yenyu.

28 "Asi zvino chinditarirai netsitsi.
Ko, ndingareva nhema pamberi penyu here?
29 Musadaro, musava vasakarurama;
fungai zvakare, nokuti kururama kwangu kuchiripo.
30 Ko, pamiromo yangu pane zvakaipa here?
Ko, muromo wangu haugoni kunzvera zvakaipa here?

# 7

1 "Ko, munhu haashandi zvakaoma panyika here?
Ko, mazuva ake haana kuita seomushandi here?
2 Somuranda anoshuva mimvuri yamadekwana,
kana mushandi akamirira kwazvo mubayiro wake,
3 saizvozvo ndakagoverwa mwedzi isina maturo,
uye usiku hwokutambudzika hwakagoverwa kwandiri.
4 Pandinovata pasi ndinofunga kuti, 'Ndichamuka riniko?'
Usiku hunononoka, uye ndinoshanduka-shanduka kusvikira mambakwedza.
5 Muviri wangu wakafukidzwa nehonye uye nemaronda,
ganda rangu rakatsemuka uye raora.

6 "Mazuva angu ari kukurumidza kufamba kukunda chokurukisa chomuruki,
uye anosvika kumagumo asina tariro.
7 Rangarirai henyu, imi Mwari, kuti upenyu hwangu hunongova mweya wokufema;

meso angu haachazoonizve mufaro.
8 Ziso rinondiona zvino harichazondionizve;
muchanditsvaka, asi handichazovapozve.
9 Sokunyangarika kunoita gore ndokuenda,
saizvozvo uyo anoburukira kubwiro haadzokizve.
10 Haachazouyi kumba kwakezve;
nzvimbo yake haichazomuzivizve.

11 "Naizvozvo handinganyarari;
ndichataura pakurwadza kwomweya wangu,
ndichanyunyuta mushungu dzomwoyo wangu,
12 Ko, ndiri gungwa kanhi, kana chikara chokwakadzika,
zvamunondiisa pasi pomurindi?
13 Pandinofunga kuti mubhedha wangu uchandivaraidza,
uye kuti mubhedha wangu uchadzikamisa kunyunyuta kwangu,
14 ipapo munondityisidzira nezviroto
uye munondivhundutsa nezviratidzo,
15 zvokuti ndinosarudza kuti ndidzipwe ndife hangu,
pachinzvimbo chomuviri wangu uno.
16 Ndinozvidza upenyu hwangu, handidi kurarama nokusingaperi.
Ndiregei nokuti mazuva angu haana zvaanoreva.

17 "Munhu chiiko zvamunomukoshesa kudai,
zvamunomurangarira zvakadai,
18 zvamunomunzvera mangwanani ose
uye muchimuedza nguva dzose?
19 Hamusi kuzombotarirawo kudivi here,
kana kumbondisiyawo ndakadaro kwechinguva?
20 Kana ndakatadza, ndakaiteiko kwamuri,
imi mutariri wavanhu?
Makaitireiko kuti ini ndive munhu wamunovavarira?
Ko, ini ndava mutoro kwamuri here?
21 Nemhaka yeiko musingandikanganwiri mhaka dzangu
uye musingandiregereri zvivi zvangu?
Nokuti ndichavata muguruva nokukurumidza.
Muchanditsvaka, asi handichazovapozve."

# 8

*Bhiridhadhi*

1 Ipapo Bhiridhadhi muShuhi akapindura akati:
2 "Uchasvika riini uchitaura zvinhu zvakadai?
Mashoko ako imhepo inovhuvhuta.
3 Ko, Mwari angaminamisa zvakarurama here?
Ko, iye Wamasimba Ose angaminamisa kururama here?
4 Vana vako pavakamutadzira,
akaita kuti varangirwe chivi chavo.
5 Asi kana ukatarisa kuna Mwari
uye ukademba kuna Wamasimba Ose,
6 kana uri wakachena uye wakarurama,
kunyange izvozvi achasimuka kuti akurwire,
agokudzoserazve panzvimbo yako chaiyo.
7 Kunyange mavambo ako akanga ari epasi pasi,

ramangwana rako richava rokubudirira.

8 “Bvunza marudzi akare
ugocherechedza zvakadzidzwa namadzibaba avo,
9 nokuti isu takaberekwa zuro uye hatina chatinoziva,
uye mazuva edu panyika akangoita somumvuri.
10 Ko, havangakudzidzisi uye vagokuudza here?
Ko, havangakuvigiri mashoko anobva pakunzwisisa kwavo here?
11 Ko, nhokwe dzingamera pasina nhope here?
Ko, tsanga dzingararama pasina mvura here?
12 Dzichiri kumera uye dzisati dzatemwa,
dzinokurumidza kuoma kupinda uswa.
13 Ndizvo zvakaita magumo avose vanokanganwa Mwari;
saizvozvo tariro yavasina Mwari inoparara.
14 Zvaanovimba nazvo hazvina kusimba,
zvaanovimba nazvo mambure edandemutande.
15 Anosendamira padandemutande rake, asi rinobvaruka;
anobatirira pariri, asi harimiri.
16 Akafanana nomuti wakanyatsodiridzwa pamushana,
unotandavadza mabukira awo pamusoro pebindu;
17 unomonera midzi yawo pamurwi wamatombo,
uye unotsvaka nzvimbo pakati pamatombo.
18 Asi kana ukatsemuka ukadzurwa kubva panzvimbo yawo,
nzvimbo iyo ichauramba igoti, ‘Handina kumbokuona.’
19 Zvirokwazvo upenyu hwawo, hunooma,
uye mimwe miti inomera ichibuda muvhu.

20 “Zvirokwazvo Mwari haarambi munhu asina mhaka
uye haasimbisi maoko avaiti vezvakaipa.
21 Achazadza muromo wako nokuseka
uye miromo yako nokupururudza.
22 Vavengi vako vachashongedzwa kunyadziswa,
uye matende avakaipa haachazovapozve.”

# 9

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 “Zvirokwazvo ndinoziva kuti ichokwadi.
Asi munhu anofa angava akarurama pamberi paMwari seiko?
3 Kunyange dai mumwe aida kuita nharo naye,
haaizogona kumupindura kamwe chete pamibvunzo chiuru.
4 Uchenjeri hwake hwakadzika, simba rake iguru kwazvo.
Ndianiko akamudzivisa akabuda asina vanga?
5 Anofambisa makomo iwo asingazivi
agoapidigura mukutsamwa kwake kukuru.
6 Anozungunusa nyika ikabva panzvimbo yayo
uye anoita kuti mbiru dzayo dzidengenyeke.
7 Anotaura kuzuva iro ndokurega kuvhenekera;
anodzivira chiedza chenyeredzi.
8 Iye oga anotambanudza matenga
uye anofamba pamusoro pamafungu egungwa.

9 Ndiye Muiti weNyeredzi dzeAkutiro neOrioni,
dzeChimunomwe namapoka enyeredzi dzenyasi.
10 Anoita minana isingagoni kunzwisisiswa,
nezvishamiso zvisingagoni kuverengwa.
11 Paanondipfuura, handigoni kumuona;
paanoenda napo handingamuoni.
12 Kana achibvuta, ndiani angamudzivisa?
Ndiani angati kwaari, 'Unoiteiko?'
13 Mwari haadzori kutsamwa kwake;
kunyange boka ravarwi raRahabhi rakawira patsoka dzake nokutya.

14 "Zvino ndingakakavadzana naye seiko?
Ndingawana seiko mashoko okuita nharo naye?
15 Kunyange ndakanga ndisina mhaka, handaigona kumupindura;
ndaingokumbira hangu nyasha kuMutongi wangu.
16 Kunyange dai ndaimudana hangu uye akandipindura,
handitendi kuti aizowana nguva yokundinzwa.
17 Aizondiparadza nedutu
uye achizowedzera maronda angu pasina mhosva.
18 Haaizonditenderazve kuti ndituré mafemo,
asi aizondizadza namatambudziko.
19 Kana zviri zvesimba, iye ane simba guru!
Uye kana zviri zvokururamisira, ndianiko angamudana kuti amutonge?
20 Kunyange dai ndisina mhosva, muromo wangu waizongondipa mhaka;
dai zvangu ndakarurama, iwo waizongondipa mhaka.

21 "Kunyange ndisina mhosva,
handina hangu hanya nazvo;
ndinozvidza upenyu hwangu pachangu.
22 Zvakangofanana; ndokusaka ndichiti,
'Iye anoparadza vasina mhosva nevakaipa.'
23 Kana dambudziko rikauyisa rufu nokukurumidza,
achaseka kushaya tariro kwavasina mhosva.
24 Panowira nyika mumaoko avakaipa,
vatongi vayo anovapofumadza.
Kana asiri iye, zvino ndianiko?

25 "Mazuva angu anokurumidza kupfuura mumhanyi;
anobhururuka oenda asina kumboona mufaro.
26 Anopfuura sezvikepe zvenhokwe,
kufanana namakondo anomhanyira nyama yawo.
27 Kana ndikati, 'Ndichakanganwa kunyunyuta kwangu,
ndichashandura chiso changu, ndigonyemwerera,'
28 ndinongotya kutambura kwangu,
nokuti ndinoziva kuti imi hamuregi kundipa mhosva.
29 Sezvo ndatopiwa hangu mhosva,
ko, ndichagotamburirei pasina?
30 Kunyange dai ndikazvishambidza nesipo
uye ndikashamba maoko angu nesoda,
31 imi muchandinyudza mugomba rematope

zvokuti kunyange nenguo dzangu dzichandisema.

32 “Iye haasi munhu akafanana neni kuti ndimupindure,
kuti zvimwe iye neni tisangane mudare redzimhosva.
33 Dai chete paingova nomumwe angamira pakati pedu,
kuti aise ruoko rwake patiri tose,
34 mumwe zvake angabvise shamhu yaMwari kwandiri,
kuti kutyisa kwake kurege kundivhundutsazve.
35 Ipapo ndichataura ndisingamutyi,
asi sezvazvakaita kwandiri iye zvino, handingakwanisi.

# 10

1 “Ndinosema upenyu hwangu chaihwo,
naizvozvo ndicharega kunyarara pakunyunyuta kwangu
ndigotaura mukushungurudzika kwemwoyo wangu.
2 Ndichati kuna Mwari: Musandiwanira mhosva
asi mundiudze mhaka yangu nemi.
3 Ko, kundimanikidza kunokufadzai,
kuti muzvidze basa ramaoko enyu,
muchinyemwerera kurangano dzavakaipa here?
4 Ko, imi muna meso enyama here?
Munoona sokuona kunoita munhu anofa here?
5 Ko, mazuva enyu akaita seavaya vanofa,
kana makore enyu samakore omunhu,
6 kuti muongorore mhosva yangu
uye mutsvage chivi changu,
7 kunyange muchiziva kuti handina mhosva,
uye kuti hakuna anogona kundinunura paruoko rwenyu here?

8 “Maoko enyu akandiumba uye akandigadzira.
Zvino modzoka kuzondiparadza here?
9 Rangarirai kuti makandiumba sevhu.
Zvino mondidzoserazve kuvhu here?
10 Hamuna kundidurura somukaka here
uye mukandigwambisa sechizi,
11 mukandifukidza neganda nenyama
mukandisonanidza pamwe chete namapfupa namarunda here?
12 Makandipa upenyu mukandinzwira ngoni,
uye nehanya yenyu mukachengeta mweya wangu.

13 “Asi izvi ndizvo zvamakaviga mumwoyo menyu,
uye ndinoziva kuti izvi zvaiva mupfungwa dzenyu.
14 Kana ndakatadza, imi maizenge makanditarisa,
uye hamaizotendera kudarika kwangu kuti kurege kurangwa.
15 Kana ndine mhosva, ndine nhamo!
Kunyange dai ndisina mhosva,
handingasimudzi musoro wangu,
nokuti ndizere nenyadzi
uye ndakanyura mukutambudzika kwangu.
16 Kana ndikasimudza musoro wangu, imi munondironda sezvinoita shumba,

uyezve munoratidza simba renyu rinotyisa pamusoro pangu.
17 Munouya nezvapupu zvenyu zvitsva kuzondipomera mhosva
uye munowedzera hasha dzenyu pamusoro pangu,
hondo dzenyu dzinondirwisa, mapoka namapoka.

18 “Ko, zvino makandibudisirei mudumbu?
Ndinoshuva kuti dai ndakafa hangu pasati pava neziso randiona.
19 Dai chete ndakanga ndisina kumbovapo hangu,
kana kuti ndakatakurwa ndichiendeswa kubwiro ndichangobva mudumbu ramai vangu!
20 Ko, mazuva angu haasi mashoma ava kutopera here?
Ibvai kwandiri kuti ndimbofara hangu kwakanguva,
21 ndisati ndaenda kusingadzokwi,
kunyika yerima nomumvuri wakadzama,
22 kunyika yerima guru,
yomumvuri wakadzama nenyonganyonga,
iko kunoti kunyange chiedza chakangofanana nerima.”

# 11

*Zofari*

1 Ipapo Zofari muNaamati akapindura akati:
2 “Mashoko aya ose haangapindurwi here?
Ko, mutauri uyu anofanira kushayirwa mhosva here?
3 Ko, kubvotomoka kwako kunganyaradza vanhu here?
Ko, pangashaya anokutsiura paunenge uchituka here?
4 Iwe unoti kuna Mwari, ‘Zvandinotenda zvakarurama
uye ndakachena pamberi penyu.’
5 Haiwa, ndinoda sei kuti dai Mwari ataura,
kuti dai ashamisa hake muromo wake pamusoro pako,
6 uye akuzarurire zvakavanzika zvouchenjeri,
nokuti uchenjeri hwechokwadi huri paviri.
Uzive izvi: Mwari akatokanganwa kare zvimwe zvivi zvako.

7 “Ko, unganzwisisa zvakavanzika zvaMwari here?
Unganzwisisa panogumira Wamasimba Ose here?
8 Zvakakwirira kupfuura matenga, iwe ungaiteiko?
Zvakadzika kupfuura kudzika kwebwiro, iwe ungaziveiko?
9 Chiero chazvo chakareba kupfuura nyika
uye zvakapamhama kupfuura gungwa.

10 “Kana iye akasvika akakupfigira mujeri
uye akakoka dare remhosva, ndianiko angapikisana naye?
11 Zvirokwazvo anoziva vanhu vanonyengera;
uye paanoona chakaipa, anoshaya hanya here?
12 Asi munhu asina kuchenjera haangagoni kuva akangwara
sezvo zvisingagoneki kuti mwana wembizi angaberekwa nomunhu.

13 “Asi kana mwoyo wako ukazvipira kwaari,
uye ukatambanudzira maoko ako kwaari,
14 kana ukaisa kure chivi chiri muruoko rwako,
uye ukasatendera chakaipa kugara mutende rako,

15 ipapo uchasimudza chiso chako usina nyadzi,
uchamira wakasimba uye usingatyi.
16 Zvirokwazvo uchakanganwa nhamo yako,
uchangoirangarira semvura yakaerera.
17 Upenyu huchajeka kupfuura masikati makuru,
uye rima richaita samangwanani.
18 Iwe uchagara zvakanaka, nokuti tariro iriko;
ucharinga-ringa ugozorora murugare.
19 Uchavata hako pasi, pasina munhu anokuvhundutsa,
uye vazhinji vachakumbira nyasha dzako.
20 Asi meso avakaipa achaneta,
uye vachashayiwa kwokutizira;
tariro yavo ichava yokufa."

# 12

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 "Zvirokwazvo imi muri vanhu,
uye uchenjeri huchafa nemi!
3 Asi neniwo ndinonzwisisa semi;
handisi muduku kwamuri.
Ndianiko asingazivi zvinhu zvose izvi?

4 "Ndava chiseko kushamwari dzangu,
kunyange ndakadana kuna Mwari akapindura,
ndava chiseko zvacho, kunyange ndakarurama uye ndisina chandingapomerwa!
5 Varume vagere zvakanaka vanoshora nhamo,
vachiti ndiwo magumo avaya vane tsoka dzinotedzemuka.
6 Matende amakororo haakanganiswe,
uye vaya vanotsamwisa Mwari vagere zvakanaka,
ivo vanotakura mwari wavo mumaoko avo.

7 "Asi bvunza mhuka, uye dzichakudzidzisa,
kana shiri dzedenga, idzo dzichakuudza;
8 kana taura kunyika, ichakudzidzisa,
kana hove dzegungwa ngadzikuzivise.
9 Ndechipiko pane zvose izvi chisingazivi
kuti ruoko rwaJehovha rwakaita izvi?
10 Upenyu hwezvisikwa zvose huri muruoko rwake,
nokufema kwavanhu vamarudzi ose.
11 Ko, nzeve haiedzi mashoko
sorurimi runoravira chokudya here?
12 Ko, uchenjeri hahuwanikwi pakati pavatana here?
Ko, kuwanda kwoupenyu hakuuyisi kunzwisisa here?

13 "Uchenjeri nesimba ndezvaMwari;
kudzidzisa nokunzwisisa ndezvake.
14 Zvaanenge akoromora hakuna anozvivakazve;
murume waanenge apfigira mujeri haangasunungurwi.
15 Kana akadzivisa kunaya kwemvura, kuoma kunovapo;
kana akairegedzera, nyika inoparadzwa.

16 Simba nokukunda ndezvake;
anonyengerwa nomunyengeri vose ndevake.
17 Anodzinga makurukota asina nguo
uye anoita kuti vatongi vave mapenzi.
18 Anobvisa zvisungo zvakaiswa namadzimambo
agosunga zviuno zvavo nomucheka.
19 Anodzinga vaprista vasina nguo
uye anobvisa pachigaro vanhu vakanguri vadzika midzi.
20 Anofumbira miromo yavapi vamazano vavanovimba navo,
uye anobvisa kunzwisisa kwavakuru.
21 Anodurura kushorwa pamakurukota
uye anokutunura zvombo zvavane simba.
22 Anobudisa pachena zvinhu zvakadzama zverima,
uye anouyisa mimvuri mikuru kuchiedza.
23 Anoita kuti ndudzi dzive huru, uye anodziparadza;
anowanza ndudzi, uye anodziparadzira.
24 Anotorera vatungamiri venyika kunzwisisa kwavo;
anovaendesa vachingodzungaira pasina nzira.
25 Vanotsvanzvadzira murima vasina chiedza;
anoita kuti vadzedzereke sezvidhakwa.

# 13

1 “Meso angu akaona izvi zvose,
nzeve dzangu dzakanzwa dzikazvinzwisisa.
2 Zvamunoziva imi, neniwo ndinozviziva;
handisi muduku kwamuri.
3 Asi ndinoshuva kutaura naWamasimba Ose
uye ndigozvidavirira nyaya yangu kuna Mwari.
4 Kunyange zvakadaro, imi munondizora nhema;
muri varapi vasina maturo, imi mose!
5 Haiwa, dai bedzi mainyarara henyu!
Nokuti hungava uchenjeri kwamuri.
6 Chinzwai zvino kuzvidavirira kwangu;
teererai munzwe kudemba kwemiromo yangu.
7 Ko, mungataura zvakaipa muchimiririra Mwari here?
Ko, mungataura zvinonyengera muchiti matumwa naye here?
8 Mungamuitira rusaruro here?
Mungamiririra Mwari here?
9 Ko, zvingabuda zvakanaka here kana akakuedzai?
Ko, mungamunyengera sokunyengera kwamunoita vanhu here?
10 Zvirokwazvo iye angakutsiurai
kana mukaratidza rusaruro muchivande.
11 Ko, kubwinya kwake hakungakutyisei here?
Ko, kutyisa kwake hakungawiri pamusoro penyu here?
12 Mashoko enyu anotendwa itsumo dzamadota;
nhare dzenyu inhare dzevhu.

13 “Nyararai uye regai nditaure;
ipapo chinouya kwandiri ngachiuye hacho.
14 Ko, ndinozviisirei munjodzi
ndichibatira upenyu hwangu mumaoko angu?

15 Kunyange akandiuraya hake, asi ini ndichavimba naye;
zvirokwazvo ndichadzivirira nzira dzangu pamberi pake.
16 Zvirokwazvo, uku ndiko kuchava kuponeswa kwangu,
nokuti hakuna munhu asina umwari achasvika pamberi pake!
17 Teereresai kumashoko angu,
nzeve dzenyu ngadzigamuchire zvandinoreva.
18 Zvino ndagadzirisa nyaya yangu,
ndinoziva kuti ndichashayirwa mhosva.
19 Pane angagona kundipa mhaka here?
Kana aripo, ndichanyarara ndigofa hangu.

20 "Haiwa Mwari, nditsidzirei hangu zvinhu zviviri izvi.
Uye ipapo handingavandi pamberi penyu.
21 Bvisai ruoko rwenyu rwuve kure neni,
uye muregе kundivhundutsa nokutyisa kwenyu.
22 Ipapo mukandidana ndichadavira.
Kana kuti muregе nditaure, imi mugopindura.
23 Zvivi zvandakaita nezvikanganiso zvangu zvinganiko?
Ndiratidzei kudarika kwangu nechivi changu.
24 Munovanzireiko chiso chenyu
muchindiona somuvengi wenyu?
25 Ko, muchatambudza shizha rinopeperetswa nemhepo here?
Ko, muchadzingana nehundi yakaoma here?
26 Nokuti munonyora zvinhu zvinovava pamusoro pangu,
uye munondigarisa nhaka yezvivi zvoujaya hwangu.
27 Munosunga tsoka dzangu nezvisungo;
munocherechedza nzira dzangu dzose nokuisa mutaro panotsika tsoka dzangu.

28 "Saizvozvo munhu anopera kufanana nechinhu chakaora,
senguo yakadyiwa nezvipfukuto.

# 14

1 "Munhu akazvarwa nomukadzi
ane mazuva mashoma azere nokutambudzika.
2 Anobuda seruva agosvava;
anotiza somumvuri, haagari.
3 Ko, munotarisisa munhu akadai here?
Ko, muchamuuyisa kuzotongwa pamberi penyu here?
4 Ndianiko angabudisa chinhu chakachena kubva pane chine tsvina?
Hakuna!
5 Mazuva omunhu akatarwa;
makatema kuwanda kwemwedzi yake,
mukamutarira miganhu yaasingagoni kudarika.
6 Naizvozvo regai kumutarisa uye mumusiye ari oga,
kusvikira apedza nguva yake somunhu anoshanda.

7 "Asi kumuti kune tariro:
Kana ukatemwa, unobukirazve,
uye mabukira awo matsva haasvavi.
8 Midzi yawo ingava yakwegura hayo muvhu

uye hunde yawo ichifa muvhu,
9 asi uchabukira pakunhuhwira kwemvura
ugomera somuti uchangotanga kumera.
10 Asi munhu anofa agoradzikwa pasi;
anofema kokupedzisira uye haazovapozve.
11 Sokupera kunoita mvura mugungwa,
kana kupwa nokuoma kworwizi,
12 saizvozvo munhu anovata pasi asingazomuki;
kusvikira matenga asisiko, vanhu havazomukizve kana kumutswa pakuvata kwavo.

13 "Haiwa, dai mandiviga henyu muguva chete,
uye mandiviga kusvikira kutsamwa kwenyu kwapfuura!
Dai chete manditarira nguva,
uye ipapo mugondirangarira!
14 Kana munhu akafa, angazoraramazve here?
Mazuva ose okushanda kwangu kwakaoma,
ndicharindira kusvikira kuvandudzwa kwangu kwasvika.
15 Muchadana uye ini ndichakupindurai;
muchashuva chisikwa chamakaita namaoko enyu.
16 Zvirokwazvo muchaverenga nhambwe dzangu ipapo,
asi musingarondi chivi changu.
17 Kudarika kwangu kuchasungirwa musaga;
muchafukidzira chivi changu.

18 "Asi sokupfupfunyuka kunoita gomo rigoondomoka,
uye sokubviswa kwedombo panzvimbo yaro,
19 semvura inochera mabwe,
uye sokuyerera kwemvura zhinji inokukura ivhu,
saizvozvo munoparadza tariro yomunhu.
20 Munomukunda kamwe chete zvachose, uye akasazovapo;
munoshandura chiso chake mobva mamudzinga.
21 Kana vanakomana vake vachikudzwa, iye haazvizivi;
kana vakadzikisirwa pasi, iye haazvioni.
22 Anongonzwa kurwadza kwomuviri wake chete,
agozvichema iye pachake bedzi."

# 15

*Erifazi*

1 Ipapo Erifazi muTemani akapindura akati:
2 "Ko, munhu akachenjera angapindura zvisina njere here,
kana kuzadza dumbu rake nemhepo inopisa yokumabvazuva?
3 Ko, angakakavara namashoko asina maturo,
kana namashoko asina basa here?
4 Asi unotorwisa umwari
uye unodzivisa kunamata Mwari.
5 Chivi chako chinorunzira muromo wako;
uye unotevera rurimi rwavanyengeri.
6 Muromo wako pachako ndiwo unokupa mhosva, kwete wangu,
miromo yako pachako inokupupurira zvakaipa.

7 “Ko, ndiwe munhu wakatanga kuzvarwa here?
Ko, iwe wakazvarwa makomo asati avapo here?
8 Unoteereerawo here panokurukurwa mazano aMwari?
Unoti uchenjeri ndohwako woga kanhi?
9 Chiiko chaunoziva chatisingazivi isu?
Kunzwisisa kwaunako ndokweiko kwatisinawo isu?
10 Vane bvudzi rakachena navatana vakwegura vari kudivi redu,
varume vatochembera kupinda baba vako.
11 Ko, kunyaradza kwaMwari hakuna kukukwanira here,
iro shoko rakataurwa kwauri zvine unyoro?
12 Ko, mwoyo wako wakurasireiko,
uye meso ako anobwairireiko,
13 zvokuti unoitira Mwari hasha
ugobudisa mashoko akadai kubva mumuromo mako?

14 “Munhu chiiko, zvokuti angava akanaka,
kana munhu akazvarwa nomukadzi, kuti angava akarurama?
15 Kana Mwari akasavimba navatsvene vake,
kunyange dai matenga akasava akachena pamberi pake,
16 ko, kuzoti munhu, ane uori
uye akaora, anonwa zvakaipa semvura!

17 “Nditeerere ndigokutsanangurira;
rega ndikuudze zvandakaona,
18 zvakataurwa navanhu vakachenjera,
vasingavanzi chinhu chavakagamuchira kubva kumadzibaba avo,
19 ivo voga vakapiwa nyika
pasina mutorwa akapfuura napakati pavo:
20 Murume akaipa anotambudzika nokurwadziwa pamazuva ake ose,
makore ose outsinye akachengeterwa iye.
21 Maungira anotyisa anozadza nzeve dzake;
pazvinenge zvaita sezvakanaka, vapambi vanomurwisa.
22 Anorasikirwa netariro yokupunyuka parima;
munondo ndiwo waakatarirwa.
23 Anofamba-famba achiita sechokudya zvamagora;
anoziva kuti zuva rerima raswedera.
24 Kutambudzika nokurwadziwa zvinomuzadza nokutya;
zvinomukunda, samambo agadzirira kurwisa,
25 nokuti anokungira Mwari chibhakera chake
uye anozvikudza pamusoro paWamasimba Ose,
26 achimhanyira kwaari asingatyi
ane nhoo hobvu, yakasimba.

27 “Kunyange chiso chake chakafukidzwa namafuta
uye chiuno chake chakafuta nenyama,
28 iye achagara mumaguta akaparadzwa
nomudzimba dzisingagarwi nomunhu,
dzimba dzokoromoka kuva marara.
29 Haachazovazve mupfumi uye pfuma yake haingagari,
kana nepfuma yake haingazadzi nyika.
30 Haangapunyuki rima;
murazvo uchasvavisa mabukira ake,

uye kufema kwomuromo waMwari kuchamurasira kure.
31 Ngaarege kuzvinyengera nokuvimba nezvisina maturo,
nokuti haana chaachawana pazviri.
32 Acharipirwa zvakazara nguva yake isati yasvika,
uye matavi ake haangawandi.
33 Achafanana nomuzambiringa wabvisirwa mazambiringa asati aibva,
kufanana nomuti womuorivhi wodonhedza maruva awo.
34 Nokuti ungano yavasingadi Mwari ichashaya zvibereko,
uye moto uchaparadza matende avaya vanofarira fufuro.
35 Vanobata mimba yokutambudzika vagozvara zvakaipa;
dumbu ravo rinogadzira kunyengera."

# 16

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 "Ndakanzwa zvinhu zvakawanda sezvizvi;
mose muri vanyaradzi pasina!
3 Ko, kutaura kwenyu kwamadzokorora kwenguva refu hakuperiwo here?
Chii chinokurwadzai kuti murambe muchiita nharo?
4 Neniwo ndaigona kutaura semi,
dai imi manga muri pachinzvimbo changu;
ndaigona kutaura mashoko okukupikisai
uye ndigokudzungudzirai musoro wangu.
5 Asi muromo wangu waizokukurudzirai:
kunyaradza kunobva pamuromo wangu kwaizokuvigirai zororo.

6 "Asi kana ndikataura, kurwadziwa kwangu hakuperi;
uye kana ndikanyarara, iko hakubvi.
7 Zvirokwazvo, imi Mwari, mandipedza simba;
maparadza imba yangu yose.
8 Makandisunga ini, uye chava chapupu;
kuondoroka kunondiwira uye kunopupurira zvinondirwisa.
9 Mwari anondirova uye anondibvambura mukutsamwa kwake,
uye anondirumanyira meno ake;
mudzivisi wangu anondidzvokorera meso ake anobaya.
10 Vanhu vanoshamisa miromo yavo kuti vandiseke;
vanondirova padama pakundimhura kwavo,
uye vanobatana pamwe chete kuzondirwisa.
11 Mwari akandidzorera mumaoko avanhu vakaipa,
uye akandikanda mumaoko avakashata.
12 Zvose zvakanga zvakanaka hazvo kwandiri, asi iye akandivhuna;
akandibata napahuro akandipwanya-pwanya.
Akandivavarira;
13 vapfuri vake vemiseve vakandikomba.
Anobaya itsvo dzangu asina tsitsi,
uye anodururira nduru yangu pasi.
14 Nguva nenguva anondirwisa;
anondidzingirira somurwi.

15 "Ndakasona nguo dzamasaga kuti ndifukidze ganda rangu,
uye ndaviga huma yangu muguruva.
16 Chiso changu chatsvuka nokuchema,

rima guru rakomberedza meso angu;
17 asi zvazvo maoko angu haana kuita chisimba,
uye munyengetero wangu wakachena.

18 “Iwe nyika, rega kufukidza ropa rangu;
kuchema kwangu ngakurege kuwana zororo!
19 Kunyange iko zvino chapupu changu chiri kudenga;
murevereri wangu ari kumusoro.
20 Murevereri wangu ndiye shamwari yangu,
meso angu paanodurura misodzi kuna Mwari;
21 anomira pachinzvimbo chomunhu achikumbira kuna Mwari,
somunhu anokumbirira shamwari yake.

22 “Makore mashoma bedzi asara,
ndisati ndaenda parwendo rusingadzokwi.

## 17

1 Mweya wangu waputsika,
mazuva angu aitwa mashoma,
guva rakandimirira.
2 Zvirokwazvo vaseki vakandipoteredza;
meso angu anofanira kuramba akatarisa ruvengo rwavo.

3 “Ndipei, imi Mwari, chitsidzo chamunoda.
Ndianiko achandiisira rubatso?
4 Makapofumadza ndangariro dzavo pakunzwisisa;
naizvozvo hamungavatenderi kukunda.
5 Kana munhu akaramba shamwari dzake nokuda kwomubayiro,
meso avana vake achapofumara.

6 “Mwari akandiita shumo kuvanhu vose,
munhu anopfirwa mate kumeso kwake navanhu.
7 Meso angu aneta nokuchema;
muviri wangu wose wangova mumvuri zvawo.
8 Vanhu vakarurama vanokatyamadzwa nazvo;
vasina mhaka vachamukira vasingadi Mwari.
9 Kunyange zvakadaro, vakarurama vachabatirira panzira dzavo,
uye vana maoko akachena vachanyanya kusimba.

10 “Asi uyai, imi mose, edzaizve!
Handingawani murume ane uchenjeri pakati penyu.
11 Mazuva angu apfuura, urongwa hwangu hwaparadzwa,
saizvozvowo zvishuvo zvomwoyo wangu.
12 Vanhu ava vanoshandura usiku kuti huve masikati;
mukati merima ivo vanoti, ‘Chiedza chiri pedyo.’
13 Kana musha wandinotarisira uri guva chete,
kana ndikawaridzira mubhedha wangu murima,
14 kana ndikati kuuori, ‘Ndiwe baba vangu,’
nokuhonye ndikati, ‘Ndiwe mai vangu’ kana ‘Hanzvadzi yangu,’
15 ko, tariro yangu iripi zvino?
Ndianiko angaona tariro yangu?

16 Ichaburukira kumasuo orufu here?
Tichaburukira muguruva pamwe chete here?”

# 18

*Bhiridhadhi*

1 Ipapo Bhiridhadhi muShuhi akapindura akati:
2 “Muchapedza kutaura uku riiniko?
Chimbonyatsofungai, ipapo tigotaurirana hedu.
3 Tinobatirweiko semombe
uye tichionekwa samapenzi pamberi penyu?
4 Iyewe unozvibvamburanya mukutsamwa kwako,
nyika ingasiyiwa nokuda kwako here?
Kana matombo angafanira kubviswa panzvimbo yawo here?

5 “Mwenje weakaipa unodzimwa;
murazvo womoto wake unopera kupisa.
6 Chiedza chiri mutende rake chinova rima;
mwenje uri parutivi pake unodzima.
7 Simba renhambwe dzake rinorukutika;
mano ake pachake anomuwisira pasi.
8 Tsoka dzake dzinomuwisira mumumbure,
uye anodzungaira ari mumaburi awo.
9 Musungo unomubata chitsitsinho;
rugombe runomubatisisa.
10 Chishwe chakavanzwa muvhu nokuda kwake;
musungo wakaradzikwa munzira yake.
11 Kutyisa kunomuvhundutsa kumativi ose,
uye kunomuteverera panhambwe dzake dzose.
12 Pfumvu inomudokwairira;
njodzi yakamugaririra paanowa.
13 Inodya zvikamu zveganda rake;
dangwe rorufu rinopedza mitezo yake.
14 Anodzurwa kubva patende raanovimba naro
agoendeswa kuna mambo anotyisa kwazvo.
15 Moto unogara mutende rake;
safuri inopisa inoparadzirwa pamusoro pougaro hwake.
16 Moto unogara mutende rake;
uye matavi ake anosvava kumusoro.
17 Kurangarirwa kwake kunopera panyika;
haana zita munyika.
18 Anobviswa pachiedza achiendeswa murima,
uye anodzingwa panyika.
19 Haana mwana kana chizvarwa chinotevera pakati pavanhu vokwake,
hakuna akasara kwaaimbogara.
20 Varume vokumavirira vakakatyamara namagumo ake;
varume vokumabvazuva vakabatwa nokutya kukuru.
21 Zvirokwazvo, ndizvo zvakaita ugaro hwomurume akaipa;
iyoyi ndiyo nzvimbo yomunhu asingazivi Mwari.”

# 19

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 "Mucharamba muchinditambudza
uye muchindipwanya namashoko kusvikira riniko?
3 Zvino kava kagumi kose muchingonditsoropodza;
munondirwisa musina nenyadzi dzose.
4 Kana chiri chokwadi kuti ndakatsauka,
kukanganisa kwangu kuchava dambudziko rangu ndoga.
5 Kana zvechokwadi mungada henyu kuzvikudza pamusoro pangu
mukashandisa kuderedzwa kwangu pakundirwisa,
6 zvino muzive imi kuti Mwari akandikanganisira
uye akandikomberedza nomumbure wake.

7 "Kunyange ndikachema ndichiti, 'Ndakakanganisirwa we-e!' handiwani mhinduro;
kunyange ndikadanidzira kuti ndibatsirwe, kururamisirwa hakupo.
8 Akadzivira nzira yangu kuti ndikonewe kupfuura;
akaisa rima munzira dzangu.
9 Akandibvisira kukudzwa kwangu,
uye akabvisa korona mumusoro mangu.
10 Anondibvamburanya kumativi ose kusvikira ndapera;
anodzura tariro yangu kunge muti,
11 Kutsamwa kwake kunopfuta pamusoro pangu;
anondiverenga pakati pavavengi vake.
12 Mauto ake anouya nesimba;
anovaka muchinjiziri wokurwa neni,
anokomba tende rangu.

13 "Akaisa hama dzangu kure neni;
vazikani vangu vakaparadzaniswa neni zvachose.
14 Hama dzangu dzepedyo dzakaenda kure neni;
shamwari dzangu dzandikanganwa.
15 Vaenzi vangu navarandakadzi vangu vava kundiita mubvakure;
vanondiona somutorwa.
16 Ndinodana muranda wangu, asi haapinduri,
kunyange ndikamukumbirisa nomuromo wangu chaiwo.
17 Kufema kwangu kunonyangadza kumukadzi wangu;
ndinosemesa kuhama dzangu chaidzo.
18 Kunyange nezvikomana zviduku zvinondiseka;
pandinosvika vanondituka.
19 Shamwari dzangu dzepedyo dzinondisema;
vaya vandinoda vandishandukira.
20 Handisati ndichiri chinhu asi ndangova hangu ganda namapfupa;
ndangopunyuka napaburi retsono.

21 "Ndinzwirei urombo, shamwari dzangu,
ndinzwirei urombo nokuti ruoko rwaMwari rwandirova.
22 Seiko muchindidzingirira sezvinoita Mwari?
Ko, hamungaguti nenyama yangu here?

23 "Haiwa, dai mashoko angu ainyorwa hawo,
dai ainyorwa hawo mubhuku,
24 dai ainyorwa nechinyoreso chesimbi pamutobvu,

kana kuti ainyorwa padombo nokusingaperi!
25 Ndinoziva kuti mudzikinuri wangu mupenyu,
uye kuti pakupedzisira achamira pamusoro penyika.
26 Uye shure kwokunge ganda rangu raparara, kunyange zvakadaro
ndichaona Mwari munyama yangu;
27 ini pachangu ndichamuona
nameso angu pachangu, iyeni kwete mumwe.
Haiwa, mwoyo wangu unopanga sei mukati mangu!

28 "Kana muchiti, 'Haiwa tichamutambudza sei,
sezvo mudzi wenhamo uri maari,'
29 munofanira kutya munondo imi pachenyu,
nokuti hasha dzichauyisa kurangwa nomunondo,
ipapo muchaziva kuti pano kutongwa."

# 20

*Zofari*

1 Ipapo Zofari muNaamati akapindura akati:
2 "Ndangariro dzangu dzokutambudzika dzinondikurumidzisa kuti
ndipindure
nokuti ndakanganisika kwazvo.
3 Ndiri kunzwa kutsiura kunondizvidza,
uye kunzwisisa kwangu kunondikurudzira kuti ndipindure.

4 "Zvirokwazvo unoziva zvazvakanga zvakaita kubva kare,
kubvira pakaiswa munhu panyika,
5 kuti kufara kwavakaipa kupfupi,
mufaro wavasina Mwari ndowenguva duku.
6 Kunyange kuzvikudza kwake kuchisvika kudenga,
uye musoro wake uchindobata makore,
7 achaparara nokusingaperi, setsvina yake pachake;
vaya vaichimbomuona vachati, 'Aripiko?'
8 Anobhururuka sokurota, haachawanikwizve,
adzingwa sechiratidzo chousiku.
9 Ziso rakamuona harichazomuonazve;
nzvimbo yake haichazomuonazve.
10 Vana vake vanofanira kutsvaka nyasha kuvarombo;
maoko ake chaiwo anofanira kudzorera pfuma yake.
11 Simba roujaya rakazadza mapfupa ake
richaumburuka naye muguruva.

12 "Kunyange chakaipa chichitapira mumukanwa,
uye achichiviga pasi pororurimi rwake,
13 kunyange asingagoni kuchiregedza
achichichengeta mumukanwa make,
14 asi chokudya chake chichashanduka chikavava mudumbu make;
chichava uturu hwenyoka mukati make.
15 Achapfira pasi upfumi hwaakamedza;
Mwari achaita kuti dumbu rake rizvirutse.
16 Achasveta uturu hwenyoka;
mazino emvumbi achamuuraya.

17 Haangafadzwi nehova,
idzo nzizi dzinoyerera uchi noruomba.
18 Zvaakatamburira anofanira kuzvidzosazve zvisina kudyiwa;
haangafadzwi nezvaakawana pakutengesa kwake.
19 Nokuti akamanikidza varombo akavasiya vava vachena;
akatora dzimba dzavasina chavanacho.

20 “Zvirokwazvo haangamiri kubva pahavi yake;
haangazviponesi nepfuma yake.
21 Hapana chaakasiyirwa kuti adye;
upfumi hwake hahungagari nokusingaperi.
22 Pakati pezvakawanda zvake, kuremerwa nepfungwa kuchamukunda;
kuzara kwenjodzi kuchauya pamusoro pake.
23 Paanenge agutsa dumbu rake,
Mwari achatuma kutsamwa kwake kunopisa pamusoro pake,
uye achanayisa kurova kwake pamusoro pake.
24 Kunyange akatiza chombo chesimbi,
museve unopinza wendarira unomubaya.
25 Anoudzura kubva kumusana kwake,
muromo wawo unovaima uchibva pachiropa chake.
Kutya kuzhinji kuchauya pamusoro pake;
26 rima guru richavandira pfuma yake.
Moto usina anopfutidzira uchamupisa
uye uchaparadza zvichasara mutende rake.
27 Matenga achaisa pachena mhaka yake;
nyika ichamumukira.
28 Mafashamu achakukura imba yake,
mvura zhinji ichaerera pazuva rehasha dzaMwari.
29 Aya ndiwo magumo anogoverwa vakaipa naMwari,
iyo nhaka yavakatemerwa naMwari.”

# 21

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 “Teereresa mashoko angu;
uku ngakuve kunyaradza kwaunondipa.
3 Ndiitire mwoyo murefu ndichitaura hangu,
uye kana ndapedza kutaura, urambe uchiseka hako.

4 “Ko, kunyunyuta kwangu kwakanangana nomunhu here?
Ndingatadza seiko kuora mwoyo?
5 Nditarire ushamiswe;
ufumbire muromo wako noruoko.
6 Ndinotya, pandinofunga izvi;
kudedera kunobata muviri wangu.
7 Nemhaka yeiko vakaipa vachirarama,
vachikwegura uye vachiwedzerwa simba?
8 Vanoona vana vavo vachikura ivo vachiri vapenyu,
zvizvarwa zvavo pamberi pavo.
9 Misha yavo igere zvakanaka uye haina chainotya;
shamhu yaMwari haisi pamusoro pavo.

10 Hando dzavo hadzikonewi kubereka,
mhou dzavo dzinobereka mhuru dzisingasvodzi.
11 Vanobudisa vana vavo seboka ramakwai;
vapwere vavo vanopembera vachitamba.
12 Vanoimba vachiridzirwa tambureni nembira;
vanofarira kurira kwenyere.
13 Vanopedza makore avo mukubudirira
uye vanopinda muguva nenguva isipi.
14 Kunyange zvakadaro vanoti kuna Mwari, 'Tisiyei takadaro!
Hatina hanya nokuziva nzira dzenyu.
15 Wamasimba Ose ndianiko, kuti timushumire?
Tinowaneiko kana tikamunamata?'
16 Asi kubudirira kwavo hakusi mumaoko avo,
naizvozvo ndinomira kure nerangano yevakaipa.

17 "Kunyange zvakadaro, kanganiko kanodzimwa mwenje wevakaipa?
Kanganiko vachiwirwa nenjodzi,
magumo anotarwa naMwari mukutsamwa kwake?
18 Vanofanana namakoto anopeperetswa nemhepo runganiko,
sehundi inokukurwa nedutu?
19 Zvinonzi, 'Mwari anochengetera vana vomunhu kutongwa.'
Ngaamutsive iye amene, kuitira kuti agozviziva!
20 Meso ake pachake ngaaone kuparadzwa kwake;
iye ngaanwe kutsamwa kwoWamasimba Ose.
21 Nokuti ane hanya yeiko nemhuri yaanosiya shure,
mwedzi yaakagoverwa zvoyopera?

22 "Ko, pane munhu angagona kudzidzisa ruzivo kuna Mwari here,
iye achitonga kunyange vari pamusoro-soro?
23 Mumwe munhu anofa achine simba rake rizere,
akachengetedzeka uye akagadzikana,
24 muviri wake wakagwinya,
mapfupa ake azere nomwongo.
25 Mumwe munhu anofa ane shungu dzomwoyo,
asina kumbonakidzwa nezvipi zvazvo zvakanaka.
26 Vanovata muguruva pamwe chete,
uye honye dzinovafukidza vose.

27 "Ndinoziva chose zvamunofunga,
iwo mano amungandikanganisa nawo.
28 Imi munoti, 'Imba yomunhu mukuru iripiko zvino,
iwo matende aigarwa navanhu vakaipa?'
29 Hauna kumbobvunza vafambi vaya here?
Hauna kuva nehanya nenhoroondo dzavo here,
30 dzokuti munhu akaipa anodarikwa pazuva renjodzi,
kuti anorwirwa pazuva rokutsamwa?
31 Ndianiko anotsoropodza mafambiro ake pachena?
Ndianiko anomuripira pane zvaakaita?
32 Iye anotakurwa achiendeswa kuguva,
uye rinda rake rinorindwa.
33 Ivhu romunhika rinotapira kwaari;

vanhu vose vanomutevera,
uye anotungamirirwa navazhinji vasingaverengeki.

34 “Saka mungandinyaradza sei nezvisina maturo?
Hapana chasara pakupindura kwenyu asi nhema dzoga!”

# 22

*Erifazi*

1 Ipapo Erifazi muTemani akapindura akati:
2 “Ko, munhu angabatsira Mwari here?
Kunyange munhu akachenjera angamubatsira here?
3 Wamasimba Ose angawana mufaro weiko dai iwe wakarurama?
Aibatsirwa neiko dai nzira dzako dzaiva dzakarurama?

4 “Imhaka yokumunamata kwako here
zvaanokutsiura uyewo achikupa mhosva?
5 Zvakaipa zvako hazvina kukura here?
Handiti zvivi zvako hazviperi?
6 Wakakumbira rubatso kuhama dzako pasina;
wakatorera vanhu nguo dzavo, uchivasiya vasina kupfeka.
7 Wakanyima mvura vakaneta
uye wakanyima vane nzara zvokudya,
8 kunyange wakanga uri munhu ane simba, ane minda yake,
uri munhu anokudzwa, agere pairi.
9 Wakadzinga chirikadzi dzisina chinhu
uye wakavhuna simba renherera.
10 Ndokusaka misungo yakakukomberedza,
ndokusaka njodzi ichikuvhundutsa,
11 ndokusaka kuine rima usingakwanisi kuona,
uye mafashamu emvura achikufukidza.

12 “Ko, Mwari haazi kumusoro kwokudenga here?
Tarira kukwirira kwakaita nyeredzi dzokumusoro-soro!
13 Asi imi munoti, ‘Mwari anoziveiko?
Ko, anotonga murima rakadai here?
14 Makore matema anomufukidza,
saka haationi paanofamba-famba padenderedzwa ramatenga.’
15 Ko, iwe ucharambira munzira yakare
iya yakatsikwa navanhu vakaipa here?
16 Ivo vakabvutwa nguva yavo isati yasvika,
hwaro hwavo hwakakukurwa namafashamu.
17 Vakati kuna Mwari, ‘Tisiyei takadaro!
Wamasimba Ose angaiteiko kwatiri?’
18 Sezvo ari iye akazadza dzimba dzavo nezvinhu zvakanaka,
ndinomira kure namano avakaipa.

19 “Vakarurama vanoona kuparadzwa kwavo vagofara,
vasina mhaka vanovaseka vachiti,
20 ‘Zvirokwazvo vadzivisi vedu vaparadzwa,
uye moto unopedza pfuma yavo.’

21 “Zviise pasi paMwari ugova norugare naye,
nenzira iyi kubudirira kuchasvika kwauri.
22 Gamuchira kurayira kunobva mumuromo make
uye uchengete mashoko ake mumwoyo.
23 Kana ukadzokera kuna Wamasimba Ose, uchadzoredzerwa:
Kana ukabvisa zvakaipa uchizviisa kure netende rako,
24 uye ukaisa goridhe rako paguruva,
iro goridhe rako rokuOfiri kumatombo okunzizi,
25 ipapo Wamasimba Ose achava goridhe rako,
iyo sirivha yako yakanyatsosanangurwa.
26 Zvirokwazvo ipapo uchawana mufaro muna Wamasimba Ose,
uye uchasimudzira chiso chako kuna Mwari.
27 Uchanyengetera kwaari, uye achakunzwa,
uye iwe uchazadzisa zvawakapika.
28 Zvaunotaura sechirevo zvichaitika,
uye chiedza chichavhenekera panzira dzako.
29 Vanhu pavanodzikiswa iwe ukati, ‘Vasimudzei!’
ipapo vakaderedzwa vachaponeswa.
30 Achadzikinura kunyange uyo ane mhosva,
acharwirwa kubudikidza nokuchena kwamaoko ako.”

# 23

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 “Kunyange nanhasi ndinonyunyuta ndine shungu;
ruoko rwake runondiremera kunyange ndiri pakugomera kwangu.
3 Dai chete ndaiziva kwandingamuwana;
dai chete ndaigona kuenda kwaanogara!
4 Ndaitaura hangu mhaka yangu pamberi pake,
uye ndaizadza muromo wangu nenharo.
5 Ndaizoziva hangu zvaaizondipindura,
uye ndaizocherechedza zvaaizoreva.
6 Kuti aizondidzivisa nesimba guru here?
Kwete, haaizondipomera mhaka.
7 Ipapo munhu akarurama aigona kuzotaura mhaka yake pamberi pake,
uye ndaizosunungurwa kubva pamutongi wangu nokusingaperi.

8 “Asi kana ndikaenda kumabvazuva, iye haako;
kana ndikaenda kumavirira, handimuwani.
9 Paanenge ari pabasa nechokumusoro, handimuoni;
paanotsaukira zasi, handikwanisi kumuona.
10 Asi iye anoziva nzira yandinofamba nayo;
kana apedza kundiedza, ndichabuda ndava segoridhe.
11 Tsoka dzangu dzakanyatsotevera paakatsika;
ndakarambira panzira dzake ndisingambotsaukiri parutivi.
12 Handina kumbobva pamirayiro yemiromo yake;
ndakakoshesa mashoko omuromo wake kupfuura chingwa changu chamazuva ose.

13 “Asi iye anomira oga, uye ndiani angapikisana naye?
Anoita zvaanoda.
14 Anoita zvaakatema pamusoro pangu,

uye urongwa huzhinji hwakadai achinahwo mudura rake.
15 Ndokusaka ndichitya pamberi pake;
pandinofunga nezvose izvi, ndomutya.
16 Mwari akaita kuti mwoyo wangu unete;
Wamasimba Ose akandivhundutsa.
17 Kunyange zvakadaro rima harina kuita kuti ndinyarare,
iro rima guru rinofukidza chiso changu.

# 24

1 “Seiko Wamasimba Ose asingatari nguva dzokutonga?
Seiko avo vanomuziva vachitarisisira mazuva akadai pasina?
2 Vanhu vanobvisa mabwe omuganhu;
vanofudza makwai avakaba.
3 Vanotinha mbongoro dzenherera,
uye vanotora nzombe yechirikadzi vachiita rubatso.
4 Vanodzinga vanoshayiwa kubva panzira,
uye vanomanikidza varombo vose venyika kundovanda.
5 Sezvinoita mbizi murenje,
varombo vanobuda vachienda kumabasa avo, okukwara-kwara zvokudya;
gwenga rinopa vana varo zvokudya.
6 Vanosunganidza uswa mumasango,
uye vanononga mazambiringa muminda yavakaipa.
7 Vashaya nguo, vagovata usiku hwose vasina zvavakapfeka
uye vanoshayiwa zvokufuka muchando.
8 Vanototeswa nemvura inonaya mumakomo,
uye vanombundikira matombo nokuda kwokushayiwa pokuvanda.
9 Mwana nherera anobvutwa kubva pazamu;
mwana mucheche womurombo anotorwa nokuda kwechikwereti.
10 Nokushayiwa zvokufuka, vanongofamba-famba havo vasina kupfeka;
vanotakura zvisote, asi vane nzara.
11 Vanopwanya maorivhi pakati pemihoronga;
vanotsika zvisviniro zvewaini, asi vanofa nenyota.
12 Kugomera kwavanhu vanofa kunonzwika muguta,
uye mweya yavakakuvadzwa inochema kuti ibatsirwe.
Asi Mwari haana munhu waanopa mhosva.

13 “Varipo vanomukira chiedza,
vasingambozivi nzira dzacho kana kugara mumakwara acho.
14 Panongovira zuva, muurayi anobva amuka, uye anouraya varombo navanoshayiwa;
panguva dzousiku anonyahwaira sembavha.
15 Ziso remhombwe rinomirira rubvunzavaeni;
anofunga achiti, ‘Hakuna ziso richandiona,’
uye anogara akavanza chiso chake.
16 Vanhu vanopaza dzimba murima,
asi masikati vanozvipfigira mukati madzo;
havana chokuita nechiedza.
17 Kwavari vose zvavo, rima guru ndiwo mangwanani avo;
vanoita ushamwari nokutyisa kwerima.

18 “Nyamba ivo ifuro riri pamusoro pemvura;
mugove wavo wenyika wakatukwa,
zvokuti hakuna munhu achaenda kuminda yemizambiringa.
19 Kupisa nokuoma sezvakunobvisa chando chanyunguduka,
saizvozvo guva rinobvuta vaya vakatadza.
20 Chizvaro chinovakanganwa, honye inovadya;
vanhu vakaipa havacharangarirwizve asi vakavhunwa somuti.
21 Vanovandira mukadzi asingabereki, asina mwana,
uye havaitiri chirikadzi tsitsi.
22 Asi Mwari anokwekweredza vane simba nesimba rake;
kunyange vakasimbiswa, havana chokwadi noupenyu hwavo.
23 Angavarega zvavo vakazorora vachifungidzira kuti vakachengetedzwa;
asi meso ake ari panzira dzavo.
24 Vanosimudzirwa kwechinguva chiduku, gare gare vaenda;
vanodukupiswa vagounganidzwa savamwe vose,
vanochekwa sehura dzezviyo.

25 “Kana zvisina kudaro, ndiani anganditi ndinoreva nhema,
agoshayisa mashoko angu simba?”

# 25

*Bhiridhadhi*

1 Ipapo Bhiridhadhi muShuhi akapindura akati:
2 “Kubata ushe nokutyiwa ndezvaMwari;
uye anosimbisa rugare kumusoro-soro kudenga.
3 Mauto ake angaverengwa here?
Ndianiko asingavhenekerwi nechiedza chake?
4 Zvino munhu angava akarurama seiko pamberi paMwari?
Ko, munhu akazvarwa nomukadzi angava akachena sei?
5 Kunyange dai mwedzi ukasachena,
uye nyeredzi dzikasava dzakachena pamberi pake,
6 ndoda munhu zvake, iro gonye zvaro,
iye mwanakomana womunhu, anongova gonye zvaro!”

# 26

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura akati:
2 “Ndiweka wakabatsira vasina simba!
Wakaponesa sei ruoko rwakarukutika!
3 Ndiweka wakapa zano kune asina uchenjeri!
Ndiweka wakaratidza njere dzakakura kwazvo!
4 Ndianiko akakubatsira kutaura mashoko aya?
Uye mweya waaniko wakataura kubva pamuromo wako?

5 “Vakafa vari pakushungurudzika kukuru,
ivo vari pasi pemvura zhinji navose vanogara mairi.
6 Sheori yakashama pamberi paMwari;
kuparadza hakuna kufukidzwa.
7 Anotambanudza matenga nechokumusoro panzvimbo isina chinhu;
anorembedza nyika pasina chinhu.
8 Anoputira mvura zhinji mumakore ake;

asi makore acho haabvaruki nokuda kwokuremerwa.
9 Anofukidza chiso chomwedzi uzere,
achiwarira makore ake pamusoro pawo.
10 Anotara muganhu pamberi pemvura zhinji,
kuti ugova muganhu pakati pechiedza nerima.
11 Mbiru dzokudenga dzinodengenyeka,
dzichivhundutswa nokutuka kwake.
12 Akaunganidza mvura dzegungwa nesimba rake;
akagura-gura Rahabhi nenjere dzake.
13 Matenga akashongedzwa nokufema kwake;
ruoko rwake rwakabaya nyoka inobhururuka.
14 Uye izvi ndiwo macheto oga ebasa rake;
haiwa tinongonzwa kuzevezera kwake!
Zvino ndianiko anganzwisisa kutinhira kwesimba rake?"

# 27

1 Zvino Jobho akapfuurira mberi nokutaura achiti:
2 "Zvirokwazvo naMwari mupenyu, iye akaramba kundiruramisira,
iye Wamasimba Ose, akaita kuti ndinzwe shungu pamwoyo wangu,
3 chero ndichine upenyu mandiri,
ndichine kufema kwaMwari mumhino dzangu,
4 miromo yangu haingatauri zvakashata,
uye rurimi rwangu harungatauri nokunyengera.
5 Handingambobvumi kuti muri kutaura chokwadi;
kusvikira ndafa, handizorambi kururama kwangu.
6 Ndichachengetedza kururama kwangu uye handingakuregedzi;
hana yangu haingandipi mhosva ndichiri mupenyu.

7 "Vavengi vangu ngavaite savakaipa,
navadzivisi vangu savasakarurama!
8 Ko, munhu asina Mwari ane tariro yeiko kana afa,
Mwari paanotora upenyu hwake?
9 Ko, Mwari anoteerera kuchema kwake
paanowirwa nenhamo here?
10 Iye angawana mufaro muna Wamasimba Ose here?
Ko, achadana kuna Mwari panguva dzose here?

11 "Ndichakudzidzisai nezvesimba raMwari;
nzira dzaWamasimba Ose handingadzivanzi.
12 Imi mose makazviona izvi pachenyu.
Zvino munotaurireiko zvisina maturo?

13 "Haano magumo anogoverwa vakaipa naMwari,
iyo nhaka inogamuchirwa navanhu vano utsinye, kubva kuna Wamasimba Ose.
14 Hazvinei kuti vana vake vakawanda sei, magumo avo munondo;
zvizvarwa zvake hazvizombowani zvokudya zvakakwana.
15 Denda richaviga vaya vanenge vasara,
uye chirikadzi dzavo hadzingavachemi.
16 Kunyange akaunganidza sirivha seguruva,
uye zvokupfeka zvikaita somurwi wevhu,

17 zvaanowana zvichapfekwa navakarurama,
uye vasina mhaka vachagovana sirivha yake.
18 Imba yaanovaka yakaita sedende rechipfukuto,
sechirindo chakaitwa nomurindi.
19 Anovata pasi akapfuma, asi haachazviitizve;
paanosvinura meso ake, wanei zvose zvaenda.
20 Zvinotyisa zvinomubata kufanana namafashamu;
dutu rinomubvutira kure panguva yousiku.
21 Mhepo yokumabvazuva inomutakura ichimuendesa kure, achibva zvachose.
Inomukukura kubva panzvimbo yake.
22 Inovhuvhuta paari isingamunzwiri ngoni,
paanenge achitiza akati tande achitiza simba rayo.
23 Inomuomberera maoko ichimuseka,
ichishinyira ichiita kuti abve panzvimbo yake.

# 28

1 “Mugodhi wesirivha uripo,
nenzvimbo inonatswa goridhe.
2 Simbi inocherwa pasi,
uye ndarira inonyautswa ichibva pamhangura.
3 Munhu anoita kuti rima ripere;
anotsvakisisa kusvikira kumucheto chaiko,
mhangura iri murima rakasviba kwazvo.
4 Anovhura mugodhi kure nokunogara vanhu,
kunzvimbo dzakakanganikwa norutsoka rwomunhu;
kure navanhu anorezuka ndokuzeya uku nokuku.
5 Iyo nyika, zvokudya zvichibva mairi,
inoshandurwa nechapasi seinoshandurwa nemoto,
6 safire inobva mumatombo ayo,
uye guruva rayo rine upfu hwegoridhe,
7 Hakuna gondo rinoziva nzira iyo yakavanzika,
hakuna ziso rorukodzi rakaiona.
8 Mhuka dzinozvikudza hadziisi rutsokapo,
uye hakuna shumba inofambapo.
9 Ruoko rwomunhu runorova dombo romusarasara
uye ronoisa midzi yamakomo pachena.
10 Anochera mugero nomumatombo;
meso ake anoona pfuma yawo yose.
11 Anotsvakisisa panotangira nzizi
uye anobudisa zvinhu zvakavanzika pachena.

12 “Asi uchenjeri hungawanikwepiko?
Kunzwisisa kunogarepiko?
13 Munhu haanzwisisi kukosha kwahwo;
hahungawanikwi munyika yavapenyu.
14 Pakadzika panoti, ‘Hahuzi mandiri.’
Gungwa rinoti, ‘Hahuzi pandiri.’
15 Hahungatengwi negoridhe yakaisvonaka,
uye mutengo wahwo haungayerwi nesirivha.
16 Hahungatengwi negoridhe reOfiri,

namatombo anokosha eonikisi kana esafire.
17 Hahungaenzaniswi negoridhe kana kristari,
uye hahungatsinhaniswi nezvishongo zvegoridhe.
18 Korari nejasipa hazvingatongorehwi;
mutengo wouchenjeri unokunda maparera.
19 Topazi yeEtiopia haingaenzaniswi nahwo;
hahungatongotengwi negoridhe rakaisvonaka.

20 "Zvino uchenjeri hunobvepiko?
Kunzwisisa kunogarepiko?
21 Kwakavanzirwa meso ezvipenyu zvose,
zvakavigwa kunyange kushiri dzedenga.
22 Kuparadza noRufu zvinoti,
'Runyerekupe rwahwo chete ndirwo rwakasvika munzeve dzedu.'
23 Mwari oga ndiye anonzwisisa nzira inoenda kwahuri,
uye ndiye oga anoziva kwahunogara,
24 nokuti anoona magumo enyika,
uye anoona zvinhu zvose zviri pasi pamatenga.
25 Paakasimbisa simba remhepo
uye akayera mvura,
26 paakaita chirevo chemvura
negwara rokutinhira wemheni,
27 ipapo akatarira kuuchenjeri akahunzvera;
akahusimbisa uye akahuedza.
28 Zvino akati kumunhu,
'Kutya Ishe, ndihwo uchenjeri,
uye kusiya zvakaipa ndiko kunzwisisa.' "

# 29

1 Jobho akapfuurira mberi nokutaura kwake achiti:
2 "Haiwa ndinoshuva sei mwedzi yakapfuura, iwo mazuva andairindirwa naMwari,
3 mwenje wake pawaivhenekera pamusoro pangu uye ndaivhenekerwa nechiedza chake ndichifamba murima!
4 Haiwa, iwo mazuva andakanga ndichine simba, ushamwari hwaMwari chaihwo huchiropafadza imba yangu,
5 Wamasimba Ose paakanga achineni uye vana vangu pavakanga vakandipoteredza,
6 painyorovedzwa nzira yangu noruomba, uye dombo richindidururira hova dzamafuta omuorivhi.

7 "Pandakaenda kusuo reguta ndikandogara muchivara,
8 majaya akandiona akatsaukira parutivi uye vatana vakasimuka;
9 vakuru vakaramba kutaura vakafumbira miromo yavo namaoko avo;
10 manzwi avakuru akanyararidzwa, uye ndimi dzavo dzikanamira kumusoro kwemiromo yavo.
11 Vose vakandinzwa vakataura zvakanaka pamusoro pangu, uye vose vakandiona vakandirumbidza,
12 nokuti ndakanunura varombo vaichemera rubatsiro, uye nherera dzakanga dzisina anobatsira.

13 Munhu akanga ofa akandiropafadza; ndakaita kuti mwoyo wechirikadzi uimbe.
14 Ndakafuka kururama sechipfeko changu; kururamisira kwaiva nguo yangu nenguwani yangu.
15 Ndakanga ndiri meso kumapofu namakumbo kuzvirema.
16 Ndakanga ndiri baba kuna vanoshayiwa; ndaimiririra mhaka yomutorwa.
17 Ndakavhuna meno emunhu akanga akaipa, ndikabvuta chaakanga akaruma.

18 "Ndakafunga kuti, 'Ndichafira mumba mangu, mazuva angu awanda sejecha.
19 Midzi yangu ichasvika kumvura, uye dova richava pamatavi angu usiku hwose.
20 Kukudzwa kwangu kucharamba kuri kutsva pandiri, uta hucharamba huri hutsva muruoko rwangu.'

21 "Vanhu vakanditeerera vachitarisira kwazvo, vanyerere vakamirira kurayira kwangu.
22 Shure kwokutaura kwangu, ivo havana kuzotaurazve; mashoko angu akawira panzeve dzavo zvinyoronyoro.
23 Vakandimirira kunge vakamirira mvura yomupfunhambuya, uye vakanwa mashoko angu kunge mvura yechirimo.
24 Pandakanyemwerera kwavari havana kuzvitenda; chiedza chechiso changu chaikosha kwavari.
25 Ndakavasarudzira nzira ini ndokugara saishe wavo; ndakagara samambo pakati pamauto ake; ndakanga ndakaita somunhu anonyaradza vanochema.

# 30

1 "Asi zvino vanondiseka,
varume vaduku kwandiri,
vane madzibaba andaishora
zvokuti handaivaisa pakati pembwa dzinofudza makwai angu.
2 Ko, simba ramaoko avo raizondibatsirei,
sezvo simba ravo rakanga rapera?
3 Vapererwa nokuda kwokushayiwa uye nenzara,
vakadzivaira usiku munyika yakaoma,
mumatongo nomunyika yakaparara.
4 Vakaunganidza miriwo inovavira kubva mumakwenzi,
uye zvokudya zvavo zvakanga zviri mudzi womuti womurara.
5 Vakabviswa pakati pavanhu vokwavo,
vachitukwa kunge vakanga vari mbavha.
6 Vakamanikidzwa kuti vagare mukati mehova dzakaoma,
pakati pamatombo nomumakomba, muvhu.
7 Vakarira samakwai pakati pamakwenzi,
uye vakamanikidzana pasi porukato.
8 Vakanga vari vanhu vakazvidzika vasina zita,
vakadzingwa kubva munyika.

9 "Uye zvino vanakomana vavo vanondiseka munziyo;

ndava shumo pakati pavo.
10 Vanondisema uye vanomira kure neni;
havazezi kundipfira mate kumeso.
11 Sezvo zvino Mwari akatsudunura uta hwangu uye akanditambudza,
havazvidzori pamberi pangu.
12 Kurudyi rwangu rudzi runondirwisa; vanoisira makumbo angu misungo, vanovaka michinjiziri yokurwa neni.
13 Vanoparadza mugwagwa wangu; vanobudirira pakundiparadza, pasina munhu anovabatsira.
14 Vanofamba zvavo kunge vanopinda napakakoromoka; pakati pamatongo vanongopinda zvavo.
15 Zvinotyisa zvinondibata; kukudzwa kwangu kwabviswa sokunge nemhepo, kuchengetedzeka kwangu kwapera segore.

16 “Uye zvino upenyu hwangu hwava kuguma; mazuva okutambudzika anondibata.
17 Usiku hunobaya mapfupa angu;
zvinondiruma-ruma zvinorwadza hazvizorori.
18 Nesimba rake guru Mwari anova chipfeko kwandiri;
anondisunga somutsipa wenguo yangu.
19 Anondikanda mumatope,
uye ndava seguruva namadota.

20 “Ndinochema kwamuri, imi Mwari, asi hamundipinduri;
ndinosimuka, asi munongonditarisa zvenyu.
21 Munondishandukira noutsinye;
munondirova nesimba roruoko rwenyu.
22 Munondibvuta mondidzingira pamberi pemhepo;
mununditenderedza mudutu.
23 Ndinoziva kuti muchandiburutsa muchindiendesa kurufu, kunzvimbo yakatsaurirwa vapenyu vose.

24 “Zvirokwazvo, hakuna munhu anobata munhu ari kushushikana
paanochemera rubatsiro pakutambudzika kwake.
25 Ko, handina kuchema nokuda kwevaitambura here?
Ko, mweya wangu hauna kuva neshungu pamusoro pavarombo here?
26 Kunyange zvakadaro, pandakanga ndakarindira zvakanaka, zvakaipa zvakasvika;
pandakatarisira chiedza, ipapo rima rakasvika.
27 Kumonyoroka kwoura hwangu hakumbomiri;
mazuva okutambudzika anondivinga.
28 Ndinodzungaira ndichisvibiswa, asi kwete nezuva;
ndinosimuka pakati peungano ndichichemera rubatsiro.
29 Ndava hama yamakava,
neshamwari yamazizi.
30 Ganda rangu riri kusviba uye riri kufunuka;
muviri wangu unopisa nefivha.
31 Mbira dzangu dzava kungoridza nziyo dzokuchema,
uye nyere yangu nziyo dzokuungudza.

# 31

1 “Ndakaita sungano nameso angu
kuti ndirege kutarisa musikana noruchiva.
2 Nokuti mugove womunhu unobva kumusoro kuna Mwari ndoweiko,
iyo nhaka yake inobva kuna Wamasimba Ose?
3 Ko, hakuzi kuparadzwa kwavakaipa,
nenjodzi kuna avo vanoita zvakaipa here?
4 Ko, iye haaoni nzira dzangu
uye haaverengi nhambwe dzangu dzose here?

5 “Kana ndakafamba nenzira yenhema
kana kuti tsoka dzangu dzakamhanyira kunyengera,
6 Mwari ngaandiyere pachiyero chakatendeka
uye achaziva kuti handina mhosva,
7 kana tsoka dzangu dzakatsauka kubva pagwara,
kana kuti mwoyo wangu wakatevera meso angu,
kana kuti maoko angu akasvibiswa,
8 ipapo vamwe ngavadye zvandakadyara,
uye mbesa dzangu ngadzidzurwe.

9 “Kana mwoyo wangu wakanyengerwa nomukadzi,
kana kuti ndakavandira pamusuo wemuvakidzani wangu,
10 ipapo mukadzi wangu ngaakuye zviyo zvomumwe murume,
uye vamwe varume ngavavate naye.
11 Nokuti chingadai chiri chinhu chinonyadzisa,
chivi chinofanira kutongwa.
12 Ndiwo moto unopfuta kusvikira pakuparadzwa;
ungadai wakadzura mukohwo wangu.

13 “Kana ndichinge ndaramba kururamisira varanda vangu,
pavane mhaka neni,
14 ndichaita sei pandichasangana naMwari?
Ndichatiiko ndikanzi ndizvidavirire?
15 Ko, iye akandiisa muchizvaro haazi iye akavaita here?
Ko, haazi iye mumwe chete akatiumba tose muna vanamai vedu here?

16 “Kana ndakaramba zvido zvevarombo
kana kurega meso echirikadzi achineta,
17 kana ndakazvidyira chingwa changu,
ndisingachigoverani nenherera,
18 asi kubva paujaya hwangu ndakamurera sezvinoitwa nababa,
uye kubva pakuberekwa kwangu ndakatungamirira chirikadzi,
19 kana ndakaona mumwe achiparara nokuda kwokushaya zvokupfeka,
kana munhu anoshayiwa asina nguo,
20 uye mwoyo wake ukasandiropafadza
nokuti adziyirwa namakushe amakwai angu,
21 kana ndakasimudzira nherera ruoko rwangu
ndichiziva kuti ndinozivikanwa padare redzimhosva,
22 ipapo ruoko rwangu ngaruwe papfudzi rangu,
ruwire pasi napafundo.
23 Nokuti ndaitya kuparadza kunobva kuna Mwari,

uye handina kuita zvinhu zvakadaro nokuti ndaitya kubwinya kwake.

24 “Kana ndakaisa chivimbo changu pagoridhe,
kana kuti kugoridhe rakaisvonaka ndikati, ‘Ndiwe chivimbo changu,’
25 kana ndakafadzwa nepfuma yangu huru,
mukomborero wakabva mumaoko angu,
26 kana ndakava nehanya nezuva pakubwinya kwaro,
kana mwedzi uchifamba mukubwinya,
27 zvokuti mwoyo wangu wakanyengereka pakavanda,
uye ruoko rwangu rukazviremekedza nokuzvisveta,
28 zvino izvozviwo zvingangova zvivi zvinofanira kutongwa,
nokuti ndainge ndisina kutendeka kuna Mwari wokumusoro.

29 “Kana ndakafadzwa nokurasikirwa kwomuvengi wangu,
kana kufara zvikuru pamusoro penhamo yakamuwira,
30 handina kutendera muromo wangu kutadza,
nokudana chituko pamusoro poupenyu hwake,
31 kana vanhu veimba yangu vasina kumboti,
‘Ndianiko asina kumbogutswa nenyama yaJobho?’
32 Hapana mutorwa akavata usiku hwose munzira dzomumusha,
nokuti musuo wangu wakaramba wakazarurirwa vashanyi.
33 Kana ndakavanza chivi changu saAdhamu,
nokuviga mhosva yangu mumwoyo mangu,
34 nokuda kwokuti ndaitya kwazvo vanhu vazhinji,
uye ndakatya kwazvo kuzvidza kwevemhuri,
zvokuti ndakaramba ndinyerere ndikasabuda kunze,

35 “Haiwa, dai ndaiva nomumwe angandinzwa!
Ndinonyora runyoro rwangu ndichizvidzivirira iye zvino,
Wamasimba Ose ngaandipindure;
mupomeri wangu ngaanyore rugwaro rwezvaanondipomera.
36 Zvirokwazvo ndairutakura pamapfudzi angu,
ndairupfeka sekorona.
37 Ndaimupa kuzvidavirira kwangu kwenhambwe imwe neimwe;
ndaiswedera kwaari somuchinda.

38 “Kana munda wangu ukadanidzira kwandiri uchindipa mhosva,
uye miforo yose ikanyorova nemisodzi,
39 kana ndakadya zvibereko zvawo ndisingaripi,
kana ndakaparadza upenyu hwavanourima,
40 ipapo rukato ngarumere pachinzvimbo chegorosi,
nesora pachinzvimbo chebhari.”
Mashoko aJobho apera.

# 32

*Erihu*

1 Saka varume vatatu ava vakarega kupindura Jobho, nokuti
akanga akarurama pakuona kwake. 2 Asi Erihu mwanakomana
waBharakeri muBhuzi, wemhuri yaRami, akatsamwira Jobho zvikuru

nokuda kwokuzviruramisira kwake panzvimbo yokuti zviitwe naMwari.
3 Akatsamwirawo kwazvo shamwari nhatu idzi, nokuti vakanga
vashayiwa nzira yokupikisa nayo Jobho, kunyange vakanga vambomupa
mhosva. 4 Zvino Erihu akanga ambomira kutaura naJobho nokuti ivo
vaiva vakuru kwaari. 5 Asi paakaona kuti varume vatatu ava vakanga
vasisinazve chokureva, hasha dzake dzakamuka.
6 Saka Erihu mwanakomana waBharakeri muBhuzi akati:

"Ndiri muduku pamakore,
uye imi muri vakuru;
ndokusaka ndanga ndichitya,
ndisingadi kukuudzai zvandinoziva.
7 Ndakafunga kuti, 'Zera rinofanira kutaura;
makore mazhinji anofanira kudzidzisa uchenjeri.'
8 Asi ndiwo mweya uri mumunhu,
kufema kwaWamasimba Ose, kunomupa kunzwisisa.
9 Havazi vakuru bedzi vakachenjera,
kana vatana chete vanganzwisisa zvakanaka.

10 "Naizvozvo ndinoti: Nditeererei;
neniwo ndichakuudzai zvandinoziva.
11 Ndakambomirira pamaitaura,
ndakateerera pfungwa dzenyu;
pamakanga muchitsvaka mashoko,
12 ndakanyatsokuteererai.
Asi hakuna mumwe wenyu akapwisa Jobho;
hakuna pamuri akapindura mashoko ake zvinogutsa.
13 Regai kuti, 'Tawana uchenjeri;
regai Mwari amukonese, kwete munhu.'
14 Asi Jobho haana kunongedza mashoko ake kwandiri,
uye handingamupinduri namashoko enyu.

15 "Vashamiswa uye havachina chokureva;
vapererwa namashoko.
16 Ko, zvino ini ndingamirira here ivo zvavangonyarara,
zvino zvavangomira ipapo vasina mhinduro?
17 Neniwo ndichava nechokutaura;
neniwo ndichareva zvandinoziva.
18 Nokuti ndizere namashoko,
uye mweya uri mandiri unondimanikidza;
19 mukati mangu ndafanana newaini iri muhomwe yakadzivirwa,
sehomwe itsva dzewaini dzoda kuparuka.
20 Ndinofanira kutaura kuti ndirerukirwe;
ndinofanira kushamisa muromo wangu ndigopindura.
21 Handina munhu wandichatsaura,
uye handingabati kumeso munhu upi zvake;
22 nokuti dai ndaiva nyanzvi yokubata kumeso,
Muiti wangu aizokurumidza kunditora.

# 33

1 "Asi zvino, Jobho, chinzwa mashoko angu;
rerekera nzeve yako pane zvose zvandinoreva.

2 Ndava kuchizoshamisa muromo wangu;
mashoko angu ari pamuromo worurimi rwangu.
3 Mashoko angu anobva pamwoyo wakarurama;
muromo wangu uchataura chokwadi chandinoziva.
4 Mweya waMwari wakandiita;
kufema kwaWamasimba Ose kunondipa upenyu.
5 Ndipindure zvino, kana uchigona;
zvigadzirire ugomisidzana neni.
6 Ini ndakangoita sewe pamberi paMwari;
neniwo ndakatorwa muvhu.
7 Kutyisa kwangu hakufaniri kukuvhundutsa,
uye ruoko rwangu harufaniri kukuremera.

8 "Asi wakati ini ndichizvinzwa,
ndakanzwa mashoko acho chaiwo,
9 'Ndakachena uye handina chivi;
ndakanaka uye handina mhosva.
10 Asi Mwari awana mhosva neni;
anonditi muvengi wake.
11 Anosunga makumbo angu nezvisungo;
anocherechedza nzira dzangu dzose.'

12 "Asi ndinokuudza kuti pachinhu ichi hauna kururama,
nokuti Mwari mukuru kukunda munhu.
13 Seiko uchimunyunyutira
kuti haasi kupindura mashoko omunhu?
14 Nokuti Mwari anotaura zvino neimwe nzira,
pane imwe nguva neimwe nzira,
kunyange munhu asingazvioni.
15 Mukurota, uye muchiratidzo chousiku,
hope huru padzinowira vanhu,
pavanotsimwaira pamibhedha yavo,
16 angangotaura munzeve dzavo uye
agovavhundutsa neyambiro zhinji,
17 kuti adzore munhu pakuita zvakaipa,
uye nokuita kuti arege kuzvikudza,
18 kuti achengetedze mweya wake pagomba,
uye kuti upenyu hwake hurege kuparadzwa nomunondo.
19 Kana kuti munhu angarangwa panhoo yokurwadziwa,
achiramba achitambudzika mumapfupa ake,
20 saka upenyu hwake chaihwo hunosemburwa nezvokudya,
uye mweya wake unosema zvokudya zvakaisvonaka.
21 Anoonda kusvikira apera,
uye mapfupa ake, akanga asingaonekwi, zvino obuda kunze.
22 Mweya wake unoswedera kugomba,
uye upenyu hwake kunhume dzorufu.

23 "Asi kana kurutivi rwake kuine mutumwa somurevereri,
mumwe kubva muchiuru, kuti audze munhu zvakamunakira,
24 kuti amunzwire tsitsi agoti,
'Murwirei kuti arege kuenda kugomba;

ndamuwanira dzikinuro,’
25 ipapo nyama yake inovandudzwa ikafanana neyomwana;
inovandudzwa ikaita sapamazuva oujaya hwake.
26 Anonyengetera kuna Mwari agowana nyasha kwaari,
anoona chiso chaMwari agopembera nomufaro;
anodzoserwazve kururama kwake naMwari.
27 Ipapo anosvika kuvanhu agoti,
‘Ndakatadza, uye ndakaminamisa zvakanga zvakarurama,
asi handina kuwana zvaindikodzera.
28 Akadzikinura mweya wangu pakupinda mugomba,
uye ndichararama ndichifadzwa nechiedza.’

29 “Mwari anoita zvinhu zvose izvi kumunhu,
kaviri, kunyange katatu,
30 kudzora mweya wake pakupinda mugomba,
kuti chiedza choupenyu chivhenekere paari.

31 “Chinzwa, Jobho, uye urerekere nzeve dzako kwandiri;
nyarara, uye ini ndichataura.
32 Kana unacho chokureva, ndipindure;
taurisa, nokuti ndinoda kuti ururamisirwe.
33 Asi kana zvisakadaro, chinzwa zvino kwandiri;
nyarara, uye ndichakudzidzisa uchenjeri.”

# 34

1 Ipapo Erihu akati:
2 “Inzwai mashoko angu, imi vanhu vakachenjera;
nditeererei, imi vanhu vedzidzo.
3 Nokuti nzeve inoedza mazwi
sokuravira kunoita rurimi chokudya.
4 Ngatinzverei pachedu kuti chakarurama ndechipi;
ngatidzidzei pamwe chete kuti chakanaka ndechipi.

5 “Jobho anoti, ‘Handina mhosva,
asi Mwari anoramba kundiruramisira.
6 Kunyange ndakarurama,
ndinonzi ndiri murevi wenhema;
kunyange ndisina mhaka,
museve wake unobaya ronda risingarapiki.’
7 Ndianiko munhu akaita saJobho,
anonwa kushorwa semvura?
8 Anofambidzana navanoita zvakaipa;
anowirirana navanhu vakaipa.
9 Nokuti anoti, ‘Munhu haana chaanobatsirwa nacho,
paanoedza kufadza Mwari.’

10 “Saka nditeererei, imi vanhu vokunzwisisa.
Mwari haangatongoiti zvakaipa, Wamasimba Ose haangatongokanganisi.
11 Anoripira munhu pane zvaanenge aita;
anoisa pamusoro pake zvakakodzera mafambiro ake.
12 Hazvingatongogoni kuti Mwari angaita zvakaipa,

kuti Wamasimba Ose angaminamisa kururamisira.
13 Ndianiko akamugadza pamusoro penyika?
Ndianiko akamuita mutariri wepasi pose?
14 Kana kwaiva kufunga kwake,
uye akatora mweya wake nokufema kwake,
15 marudzi ose avanhu aiparara pamwe chete,
uye munhu aizodzokerazve kuguruva.

16 “Kana uchinzwisisa teerera izvi;
chinzwa zvandinoreva.
17 Ko, munhu anovenga kururamisira angatonga here?
Ko, muchapomera akarurama uye ane simba here?
18 Ko, haazi iye anoti kumadzimambo, ‘Hamubatsiri imi,’
uye kumakurukota, ‘Makaipa imi,’
19 asingaitiri machinda zvakanaka nokuti machinda,
uye asingaitiri zvakanaka vapfumi kupfuura varombo,
nokuti vose ibasa ramaoko ake?
20 Vanofa kamwe kamwe, pakati pousiku;
vanhu vanovhundutswa vagoparara;
vane simba vanobviswa zvisingaitwi noruoko rwomunhu.

21 “Meso ake ari panzira dzavanhu;
anoona nhambwe imwe neimwe yavo.
22 Hakuna nzvimbo ine rima,
hakuna mumvuri wakadzama,
pangavanda vaiti vezvakaipa.
23 Mwari haanei nezvokuedzazve vanhu,
kuti vauye vamire pamberi pake vagotongwa.
24 Anoparadza vane simba asina kumbobvunza,
agogadza vamwe panzvimbo yavo.
25 Nokuti anocherechedza mabasa avo,
anovabvisa usiku uye vanopwanyiwa.
26 Anovaranga nokuda kwokuipa kwavo,
pavanoonekwa nomunhu wose,
27 nokuti vakatsauka pakumutevera
uye havana kuva nehanya kana neimwe yenzira dzake.
28 Vakakonzera kuchema kwavarombo kuti kusvike pamberi pake,
zvokuti akanzwa kuchema kwavanoshayiwa.
29 Asi kana akaramba anyerere ndiani angamupa mhosva?
Kana akavanza chiso chake, ndianiko angamuona?
Zvakadaro iye ari pamusoro pazvose, munhu nendudzi, 30 kuti abvise
munhu asina umwari pakutonga,
kuti asaisira vanhu misungo.

31 “Ngatiti munhu oti kuna Mwari,
‘Ndine mhaka asi handichatadzazve.
32 Ndidzidzisei zvandisingagoni kuona;
kana ndakaita zvakaipa, handichazviitizve.’
33 Ko, Mwari angafanira kukupa mubayiro sezvaunoda iwe here,
zvaunoramba kutendeuka?
Unofanira kusarudza iwe, kwete ini;
saka nditaurire zvaunoziva.

34 “Imi vanhu vokunzwisisa taurai,
vanhu vakachenjera munondinzwa muti kwandiri,
35 ‘Jobho anotaura asina zivo; mashoko ake haana uchenjeri.’
36 Haiwa, dai Jobho aedzwa kusvikira pakupedzisira,
nokuti anopindura somunhu akaipa!
37 Pachivi chake anowedzera kumukira;
anouchira maoko ake pakati pedu sezvisina basa,
uye anowedzera mashoko ake okurwa naMwari.”

# 35

1 Ipapo Erihu akati:
2 “Unofunga kuti izvi zvakarurama here? Iwe zvaunoti, ‘Ndichanzi
ndakarurama naMwari.’
3 Kunyange zvakadaro unomubvunza uchiti, ‘Zvinondibatsirei, uye ndi-
nowaneiko nokusatadza.’

4 “Ndinoda kupindura iwe
neshamwari dzako dzaunadzo.
5 Tarira kumatenga uone;
nan’anidza makore ari pamusoro pako.
6 Kana ukatadza, zvinomurwadza zvakadiniko?
Kana zvivi zvako zvikawanda, zvinoita sei kwaari?
7 Kana wakarurama, unomupeiko iye,
kana kuti anogamuchireiko kubva muruoko rwako?
8 Kuipa kwako kunongobata munhu akaita sewe,
uye kururama kwako ndekwomwanakomana wavanhu chete.

9 “Vanhu vanoridza mhere vari pasi pomutoro wokumanikidzwa;
vanokumbira kusunungurwa kubva muruoko rwoune simba.
10 Asi hakuna munhu anoti, ‘Aripiko Mwari Muiti wangu,
anopa nziyo panguva yousiku,
11 anodzidzisa zvakawanda kwatiri kupfuura mhuka dzenyika
uye anotiita vakachenjera kupfuura shiri dzedenga.’
12 Haapinduri kana vanhu vachiridza mhere,
nokuda kwokuzvikudza kwavakaipa.
13 Zvirokwazvo, Mwari haateereri chikumbiro chavo chisina maturo;
Wamasimba Ose haazviteereri izvozvo.
14 Ndoda, zvino, haangateereri
kana uchiti hausi kumuona,
mhaka yako iri pamberi pake
zvokuti unofanira kumumirira,
15 uyezve, kuti kutsamwa kwake hakumborangi,
uye haana hanya zvake nezvakaipa.
16 Saka Jobho anoshamisa muromo wake achitaura zvisina maturo;
anowanza mashoko ake asina zivo.”

# 36

1 Erihu akaenderera mberi achiti:
2 “Imbondiitirai mwoyo murefu kwechimwezve chinguva,
ipapo ndichakuratidzai
kuti pane zvimwe zvakawanda zvokutaura, ndakamiririra Mwari.
3 Ruzivo rwangu runobva kure;

ndichati Muiti wangu akarurama.
4 Muzive kuti mashoko angu haasi enhema;
akakwana pazivo ari pakati penyu.

5 “Mwari ane simba asi haazvidzi vanhu;
ane simba, uye anozadzisa zvaakaronga.
6 Haaregi vakaipa vari vapenyu,
asi anopa vanotambudzika kodzero dzavo.
7 Haabvisi meso ake pane vakarurama;
anovagadza pamwe chete namadzimambo
uye anovasimudzira nokusingaperi.
8 Asi kana vanhu vakasungwa nengetani,
vakabatwa zvakasimba netambo dzokutambudzika,
9 iye anovaudza zvavanenge vaita,
kuti vatadza nokuzvikudza zvikuru.
10 Anovaita kuti vateerere kurayirwa,
uye anovarayira kuti vatendeuke pane zvakaipa zvavo.
11 Kana vakateerera uye vakamushumira,
vachapedza mazuva avo ose mukubudirira
uye makore avo vari mukugutsikana.
12 Asi kana vasingateereri,
vachapera nomunondo,
uye vachafa vasina zivo.

13 “Vasina umwari mumwoyo yavo vanochengeta pfundipfundi,
kunyange paanovasunga,
havaridzi mhere kuti vabatsirwe.
14 Vanofa panguva yeujaya hwavo,
pakati pezvifeve zvechirume zvepashongwe.
15 Asi vaya vanotambudzika anovarwira pakutambudzika kwavo;
anotaura kwavari panguva yokurwadziwa kwavo.

16 “Ari kukukwezva kubva pamuromo wenhamo,
kuti akuise panzvimbo yakasununguka isina zvipinganidzo,
pazvivaraidzo zvetafura yenyu izere nezvokudya zvakaisvonaka.
17 Asi zvino waremedzwa nokutonga kwakafanira vakaipa;
kutonga uye kururamisira zvakubata iwe.
18 Uchenjere kuti parege kuva nomunhu anokunyengera nepfuma;
usarega fufuro huru ichikutsausa.
19 Ko, pfuma yako kana kushingaira kwesimba rako
zvingakutsigira kuti urege kutambudzika here?
20 Rega kushuva usiku,
kuti ukwekweredzere vanhu kure nemisha yavo.
21 Chenjera kuti urege kudzokera kune zvakaipa,
izvo zvaunoda pachinzvimbo chokutambudzika.

22 “Tarira, Mwari anosimudzirwa musimba rake.
Ndianiko mudzidzisi akafanana naye?
23 Ndianiko akamuratidza nzira dzake,
kana akati kwaari, ‘Makanganisa imi?’
24 Rangarira kukudza basa rake,
iro rakarumbidzwa navanhu munziyo.

25 Marudzi ose avanhu akariona;
vanhu vanoritarisa vari kure.
26 Haiwa, Mwari mukuru kupfuura kunzwisisa kwedu!
Kuwanda kwamakore ake hakuverengeki.

27 “Anokwevera madonhwe emvura kumusoro,
anoshanduka achinaya semvura kuhova;
28 makore anodurura unyoro hwawo
uye mvura yakawanda inonaya pamusoro pavanhu.
29 Ndianiko anganzwisisa kuparadzira kwaanoita makore,
namatinhiriro aanoita ari mudenga rake?
30 Tarirai maparadziro aanoita mheni yake pamativi ake,
ichituhwina makadzika megungwa.
31 Ndiyo nzira yaanotonga nayo ndudzi
neyaanodzirirititira nayo nezvokudya zvakawanda.
32 Anozadza maoko ake nemheni
agorayira kuti irove paanoda.
33 Kutinhira kwake kunozivisa dutu remvura riri kuuya;
kunyange mombe dzinoratidza kusvika kwaro.

# 37

1 “Hana yangu inorova nokuda kwezvizvi,
uye mwoyo wangu unotomuka uchibva panzvimbo yawo.
2 Teererai! Teererai kutinhira kwenzwi rake,
nokuunga kunobva pamuromo wake.
3 Anoregedzera mheni yake pasi pedenga rose,
agoituma kumigumo yenyika.
4 Shure kwaizvozvo inzwi rokutinhira kwake rinosvika;
anotinhira nenzwi roumambo hwake.
5 Inzwi raMwari rinotinhira nenzira dzinoshamisa;
iye anoita zvinhu zvikuru zvinopfuura kunzwisisa kwedu.
6 Anoti kuchando, ‘Donhera panyika,’
nokumvura inonaya, ‘Naya nesimba.’
7 Kuitira kuti vanhu vose vaakasika vazive basa rake,
anoita kuti munhu mumwe nomumwe ambomira kushanda.
8 Mhuka dzinovanda;
dzinoramba dziri mumapako adzo.
9 Dutu rinobuda pakamuri yaro,
chando chinobva pakuvhuvhuta kwemhepo.
10 Kufema kwaMwari kunobudisa mazaya echando,
uye mvura zhinji inooma kuita chando.
11 Anozadza makore nounyoro;
anoparadzira mheni yake nomumakore.
12 Anoafambisa sezvaanoda pamusoro penyika yose,
kuti aite zvose zvaanoarayira.
13 Anouyisa makore kuzoranga vanhu,
kana kuzodiridza nyika yake kuti aratidze rudo rwake.

14 “Teerera izvi, Jobho;
imbomira ugorangarira zvishamiso zvaMwari.
15 Unoziva here kudzorwa kwamakore naMwari

nokupenyesa kwaanoita mheni yake?
16 Unoziva maturikirwo akaitwa makore here,
izvo zvishamiso zvaiye akakwana muruzivo?
17 Iyewe unopiswa nenguo dzako
nyika painonyaradzwa nemhepo yezasi,
18 ko, ungagona kubatana naye pakutatamura matenga here,
iwo akaoma kunge chionioni chendarira yakaumbwa.

19 "Tiudze zvatingareva kwaari;
hatigoni kureva mhaka yedu nokuda kwerima redu.
20 Ko, anofanira kuudzwa kuti ndinoda kutaura here?
Ko, pano munhu angakumbira kumedzwa here?
21 Zvino hakuna munhu angatarira kuzuva,
nokuvhenekera kwaro riri mumatenga,
mushure mokunge mhepo yaachenesa.
22 Anouya nokubwinya kunoyevedza achibva nokumusoro;
Mwari anouya nokubwinya kunotyisa.
23 Wamasimba Ose haasvikiki kwaari uye anokudzwa nesimba;
mukururamisira uye nokururama kwake kukuru haadzvinyiriri.
24 Naizvozvo, vanhu vanomutya,
ko, haana hanya navose vakachenjera pamwoyo here?"

# 38

## *Jehovha anotaura*

1 Ipapo Jehovha akapindura Jobho ari mudutu akati:
2 "Ndianiko uyu anodzimaidza zano rangu
namashoko asina zivo?
3 Chizvishingisa somurume;
ini ndichakubvunza,
uye iwe uchandipindura.

4 "Iwe wakanga uripi pandakaisa nheyo dzenyika?
Ndiudze, kana uchinzwisisa.
5 Ndianiko akatara miganhu yacho?
Zvirokwazvo unozviziva!
Ndianiko akaiyera nerwodzi?
6 Ko, nheyo dzayo dzakanga dzimire pai,
kana kuti ndianiko akaisa ibwe rapakona,
7 panguva yaiimba nyeredzi dzamangwanani pamwe chete,
uye vanakomana vaMwari vose vachipembera nomufaro?

8 "Ndianiko akapfigira gungwa mikova
parakatsemuka richibva muchizvaro,
9 pandakaita makore kuti ave nguo yaro,
uye ndikariputira murima guru,
10 pandakariisira miganhu yaro,
uye ndikaisa makonhi aro namazariro panzvimbo yawo,
11 pandakati, 'Apa ndipo paunosvika uye haungapfuuri;
pano ndipo panoguma kuzvikudza kwamafungu ako'?

12 "Wakambopa mutemo kumangwanani here,

kana kuratidza mambakwedza nzvimbo yawo,
13 kuti abate mipendero yenyika,
uye azungunuse vakaipa kuti vabve mairi?
14 Nyika inoumbika sevhu pasi pechisimbiso;
mamiriro ayo anoita senguo.
15 Vakaipa vanonyimwa chiedza chavo,
uye ruoko rwavo rwakasimudzwa rwavhunika.

16 "Wakamboshanyira zvitubu zvegungwa here,
kana kufamba kwakanyarara kwokwakadzika?
17 Ko, masuo orufu wakamboaratidzwa here?
Wakamboona masuo omumvuri worufu here?
18 Wati wanzwisisa upamhi hwenzvimbo dzenyika here?
Ndiudze kana uchiziva zvose izvi.

19 "Ko, nzira inoenda kunogara chiedza ndeipi?
Ko, rima rinogarepi?
20 Ungagona kuzviisa kunzvimbo yazvo here?
Unoziva nzira inoenda kwazvinogara here?
21 Zvirokwazvo iwe unoziva, nokuti wakanga waberekwa kare!
Wararama kwamakore mazhinji kwazvo.

22 "Wakambopinda mudura rechando here,
kana kuona dura rechimvuramabwe,
23 izvo zvandakachengetera nguva dzokutambudzika,
mazuva ehondo neokurwa?
24 Ko, nzira inoenda kunogoverwa mheni ndeipi,
kana nzvimbo inoparadzirwa mhepo dzokumabvazuva pamusoro penyika?
25 Ndianiko anodziura mugero wemvura zhinji,
nenzira yechimvuramabwe,
26 kuti zvidiridze nyika isingagarwi nomunhu,
gwenga risina munhu mariri,
27 kugutsa nyika yakaparadzwa
nokuita kuti imere uswa?
28 Ko, mvura ina baba here?
Ndianiko baba vemadonhwe edova?
29 Chando chinobva muchizvaro chaaniko?
Ndianiko anobereka mazaya echando achibva kudenga,
30 panooma mvura ikaita sedombo,
pamusoro pokwakadzika pachioma nechando?

31 "Ungagona kusunga nyeredzi dzeChimutanhatu here?
Iwe ungasunungura mabote eOrioni here?
32 Ungabudisa mapoka enyeredzi panguva yadzo here,
kana kutungamirira Akuturo navana vayo?
33 Unoziva mitemo yokumatenga here?
Ungagona kumisa umambo hwaMwari pamusoro penyika here?

34 "Ko, iwe ungasvitsa inzwi rako kumakore here,
uye ugozvifukidza namafashamu emvura?
35 Ko, iwe unotuma mheni panzira yayo here?

Ko, zvinodzoka kuzokuzivisa iwe here kuti isu tiri pano?
36 Ndianiko akaisa uchenjeri mumwoyo,
kana kupa kunzwisisa kundangariro?
37 Ndianiko ane uchenjeri hwokuverenga makore?
Ndianiko angagona kuteura matende emvura okudenga,
38 kana guruva raoma,
uye mavhinga enyika anamatirana?

39 “Ko, iwe ungavhimira shumbakadzi chokudya here,
uye ungagutsa shumba panzara yadzo here,
40 kana dzichitsivama mumapako adzo
kana kuti dzakavandira mudenhere?
41 Ndianiko anopa gunguo zvokudya
kana vana varo vachichema kuna Mwari,
uye vachidzungaira pose pose nokushayiwa zvokudya?

# 39

1 “Iwe unoziva nguva inobereka ngururu here?
Unocherechedza kana nondo dzichibereka vana vadzo here?
2 Unoverenga mwedzi kusvikira dzabereka here?
Unoziva nguva yadzinobereka here?
3 Dzinotsivama pasi dzigobereka vana vadzo;
kurwadziwa kwadzo kwapera.
4 Vana vadzo vanowanda vagokura vakasimba musango;
vanoenda uye havadzokizve.

5 “Ndianiko akaregedza mbizi ichienda?
Ndianiko akasunungura tambo dzayo?
6 Ndakaipa renje kuti uve musha wayo,
nyika yomunyu sougaro hwayo.
7 Inoseka bope riri muguta;
hainzwi kudaidzira kwomuchairi.
8 Inoita zvikomo mafuro ayo
uye inotsvaka zvinhu zvose zvinenge zvakapfumvudza.

9 “Ko, nyati ingabvuma kukushandira here?
Ko, ingagara mudanga rako usiku here?
10 Ko, ungagona kuifambisa mumiforo namahanisi here?
Ko, ingarima mipata mushure mako here?
11 Ungavimba nesimba rayo guru here?
Ko, ungaisiyira basa rako rinorema here?
12 Ungavimba nayo kuti ikutakurire zviyo zvako
uye igozviunza paburiro rako here?

13 “Mapapiro emhou anopapama nomufaro mukuru,
asi haangaenzaniswi namapapiro uye neminhenga yedambira-murove.
14 Zvirokwazvo inokandira mazai ayo muvhu
igoarega achidziyirwa mujecha,
15 isina hanya kuti rutsoka rungaapwanya,
kana kuti mhuka dzesango dzingaatsika.

16 Inobata vana vayo noukasha, kunge vasati vari vayo;
haina hanya kuti yakatambudzika pasina,
17 nokuti Mwari haana kuisa njere mairi
kana kuipa mugove wepfungwa dzakanaka.
18 Asi kana ikatambanudza mapapiro ayo kuti imhanye,
inoseka bhiza nomutasvi waro.

19 "Iwe unopa bhiza simba raro
kana kushongedza mutsipa waro nezenze rinopepereka here?
20 Ndiwe unoita kuti rikwakuke semhashu,
richivhundutsira nokupfeza, kwokuzvikudza kwaro here?
21 Rinoteta risingatyi, richifarira simba raro,
rigobuda richienda kundorwa.
22 Rinoseka kutya, harina charinotya;
haritizi munondo.
23 Goba remiseve rinorira parutivi paro,
pamwe chete nepfumo nebakatwa zvinovaima.
24 Neshungu rinodya ivhu;
harigoni kumira rakadzikama
kana richinzwa kurira kwehwamanda.
25 Pakurira kwehwamanda rinopfeza, roti, 'Hekani!'
Rinofembedza hwema hwehondo ichiri kure,
kudanidzira kwavakuru vehondo nemheremhere yehondo.

26 "Ko, rukodzi runobhururuka nouchenjeri hwako here
parunotambanudza mapapiro arwo rwakananga zasi?
27 Ko, gondo rinobhururuka nokuda kwokurayira kwako here
richindovaka dendere raro pakakwirira?
28 Rinogara pamawere uye rinovatapo usiku;
shongwe yedombo ndiyo nhare yaro.
29 Riri ipapo rinotsvaka zvokudya zvaro;
meso aro anozviona zvichiri kure.
30 Vana varo vanodya ropa,
uye pane chakaurayiwa ndipo pariri."

# 40

1 Jehovha akati kuna Jobho:
2 "Ko, munhu anokakavadzana noWamasimba Ose angamurayira here?
Anopomera Mwari mhosva ngaamupindure!"
3 Ipapo Jobho akapindura Jehovha akati:
4 "Ini handina maturo, ndingakupindurai seiko?
Ndafumbira muromo wangu.
5 Ndakataura kamwe chete, asi handina mhinduro,
kaviri, asi handichapamhidzazve."
6 Ipapo Jehovha akataura naJobho ari mudutu akati:
7 "Chizvisunga chiuno somurume;
ini ndichakubvunza,
uye iwe uchandipindura.

8 "Ko, iwe unoda kukanganisa kururamisira kwangu here?
Ko, unondipomera kuti uzviruramise here?

9 Uno ruoko rwakaita sorwaMwari here,
uye inzwi rako ringatinhira serake here?
10 Chizvishongedza zvino nokukudzwa uye nokubwinya,
uye zvishongedze nokuremekedzwa uye noumambo.
11 Regedzera ukasha hwehasha dzako,
utarire munhu mumwe nomumwe anozvikudza ugomuderedza,
12 tarira murume mumwe nomumwe anozvikudza ugomuninipisa,
pwanya vakaipa ipapo pavamire.
13 Uvavige vose pamwe chete muguruva;
ufukidze zviso zvavo muguva.
14 Ipapo ini pachangu ndichabvuma kwauri
kuti ruoko rwako rworudyi rungakuponesa.

15 “Tarisa kumvuu, yandakaita pamwe chete newe
uye inofura uswa senzombe.
16 Simba rainaro muchiuno chayo,
kusimba kwayo kuri mumakakava edumbu rayo.
17 Muswe wayo unotsvikidza somusidhari;
marunda ezvidya zvayo akasonanidzwa.
18 Mapfupa ayo ipombi dzendarira,
miromo yayo yakaita setsvimbo dzesimbi.
19 Iyo iri pachinzvimbo chokutanga pakati pamabasa aMwari,
asi Muiti wayo anogona kusvika pairi nomunondo wake.
20 Zvikomo zvinoivigira zvibereko zvayo,
uye zvikara zvose zvesango zvinotambira pedyo nayo.
21 Inovata pasi pemiti yemirotasi
yakavanda pakati petsanga munhope.
22 Mirotasi inoivanza pamimvuri yayo;
mikonachando iri mujinga morukova inoipoteredza.
23 Panozara rwizi, iyo haivhunduki;
inodekara zvayo, kunyange Jorodhani rukapfachukira kumuromo wayo.
24 Pano munhu angagona kuibata neziso,
kana kuiteya uye nokuibaya pamhino yayo here?

# 41

1 “Ungagona kukweva ngwena nechiredzo,
kana kusunga rurimi rwayo netambo here?
2 Ungagona kupinza mukaro mumhino dzayo,
kana kuboora rushaya rwayo nechiredzo here?
3 Ko, ingaramba ichikumbira kunzwirwa ngoni newe here?
Ko, ingataura kwauri mashoko manyoro here?
4 Ko, ingaita chitenderano newe here
kuti iwe uitore senhapwa kwoupenyu hwayo hwose?
5 Ungagona kuipfuwa seshiri here
kana kuisunga kuti vanasikana vako vatambe nayo?
6 Ko, vatengesi vangaitsinhanisa here?
Ko, vangaigoverana pakati pavashambadziri here?
7 Ungagona kuzadza dehwe rayo nemiseve ine nzeve here,
kana kuzadza musoro wayo namapfumo okuredzesa hove?

8 Kana ukaisa ruoko rwako pairi
uchazorangarira kurwisana kwako nayo
uye haungazozvipamhizve!
9 Tariro ipi zvayo yokuitonga ndeyenhema;
kungoiona bedzi kunopedza simba.
10 Hakuna munhu anotyisa zvokuti angaidenha.
Ndianiko zvino anogona kumisidzana neni?
11 Ndianiko wandakatorera chinhu wandinofanira kuripira?
Zvinhu zvose zviri pasi pedenga ndezvangu.

12 “Handingakonewi kutaura zvemitezo yayo,
simba rayo uye chimiro chayo chakanaka.
13 Ndianiko angabvisa dehwe rayo?
Ndianiko angasvika kwairi namatomu?
14 Ndianiko anotsunga kuzarura mikova yomuromo wayo,
iwo wakakomberedzwa nameno ayo anotyisa?
15 Musana wayo une mitsara yamakwande
yakanyatsonamirwa pamwe chete;
16 rimwe nerimwe riri pedyo pedyo nerimwe,
zvokuti hakuna mhepo inopinda napakati.
17 Akanyatsobatanidzwa pane rimwe nerimwe;
akanamatirana pamwe chete uye haagoni kuparadzaniswa.
18 Kuhotsira kwayo kunoita mamvari omoto;
meso ayo akaita sehwerazuva hwamambakwedza.
19 Mazhenje omoto anoyerera achibva mumuromo mayo;
zvimvari zvomoto zvinobarikira kunze.
20 Utsi hunobuda mumhino dzayo
sepahari inovira pamusoro pomoto wetsanga.
21 Kufema kwayo kunopfutidza mazimbe omoto,
uye murazvo unobuda mumuromo mayo.
22 Simba rinogara pamutsipa wayo;
kuvhundutsa kuri pamberi payo.
23 Nhindi dzenyama yayo dzakabatanidzwa zvakasimba;
dzakasimba uye hadzizungunuswi.
24 Chipfuva chayo chakaoma sebwe,
chakaoma sapasi peguyo.
25 Painosimuka, vane simba vanovhundutswa,
vanodududzira shure isati yarova mvura.
26 Munondo unosvika kwairi hauna simba,
uye pfumo kana museve kana pfumo guru hazvina simba.
27 Simbi inoita seshanga kwairi,
uye ndarira sedanda rakaora.
28 Miseve haingaiti kuti itize;
zvimviriri zvakaita sehundi kwairi.
29 Tsvimbo inoita kunge chidimbu cheshanga kwairi;
inoseka panorira bakatwa.
30 Pasi payo pakaita sezvaenga zvehari,
inosiya muhwezva mumatope sechirei chinokwevewa.
31 Inoita kuti mvura yakadzika ivire segate rinovhaira,
uye inokurunga gungwa sehari yamafuta.
32 Shure kwayo inosiya muhwezva unopenya;

mumwe munhu angafunga kuti mvura yakadzika yava nevhudzijena.
33 Hapana chakaenzana nayo munyika,
chisikwa chisingatyi.
34 Inotarisira pasi zvose zvinozvikudza;
ndiyo mambo pamusoro pezvose zvinozvikudza."

# 42

*Jobho*

1 Ipapo Jobho akapindura kuna Jehovha akati:
2 "Ndinoziva kuti imi munogona kuita zvose;
hapana urongwa hwenyu hungakoneswa.
3 Mabvunza kuti, 'Ndianiko uyu anodzikatira zano rangu iye asina zivo?'
Zvirokwazvo ndakataura pamusoro pezvinhu zvandisinganzwisisi,
zvinhu zvinoshamisa kwazvo kuti ini ndizvivive.

4 "Mati imi, 'Chinzwa zvino,
uye ini ndichataura; ndichakubvunza iwe,
uye iwe uchandipindura.'
5 Nzeve dzangu dzakanga dzanzwa nezvenyu,
asi zvino meso angu akuonai imi.
6 Naizvozvo ndinozvishora pachangu,
uye ndinotendeuka hangu muguruva nomumadota."

*Magumo*

7 Jehovha akati areva zvinhu izvi kuna Jobho, akati kuna Erifazi muTe-
mani, "Ndakakutsamwira iwe neshamwari dzako mbiri, nokuti hamuna
kutaura zvakarurama pamusoro pangu, sezvakaitwa nomuranda wangu
Jobho. 8 Saka zvino chitorai hando nomwe namakondobwe manomwe
mugoenda kumuranda wangu Jobho mundozvibayira sechipiriso chenyu
chinopiswa. Muranda wangu Jobho achakunyengetererai, uye ini
ndichagamuchira munyengetero wake ndigorega kukuitirai zvakafanira
upenzi hwenyu. Hamuna kutaura zvakarurama pamusoro pangu, somu-
randa wangu Jobho." 9 Saka Erifazi muTemani, Bhiridhadhi muShuhi
naZofari muNamaati vakaita zvavakaudzwa naJehovha; uye Jehovha
akagamuchira munyengetero waJobho.

10 Shure kwokunge Jobho anyengeterera shamwari dzake, Jehovha
akaita kuti abudirirezve akamupa zvakapetwa kaviri kupfuura zvaakanga
anazvo kare. 11 Vanun'una vake vose nehanzvadzi dzake navose
vaimuziva vakauya vakadya pamwe chete naye mumba make. Vaka-
muvaraidza uye vakamunyaradza pamusoro pamatambudziko akanga
aiswa naJehovha pamusoro pake, uye mumwe nomumwe wavo akamupa
chidimbu chesirivha nemhete yegoridhe.

12 Jehovha akaropafadza kupedzisira kwoupenyu hwaJobho kupfuura
kutanga. Akanga ana makwai zviuru gumi nezvina, zviuru zvitanhatu
zvengamera, nenzombe dzingasungwa pamajoko chiuru nembongoro
chiuru. 13 Uye akazovawo navanakomana vanomwe navanasikana
vatatu. 14 Mwanasikana wake wokutanga akamutumidza zita rokuti
Jemima, wechipiri akamuti Kezia uye wechitatu akamutumidza kuti
Kereni-Hapuki. 15 Panyika yose hapana kuwanikwa vakadzi vakanaka
kupinda vanasikana vaJobho, uye baba vavo vakavapa nhaka pamwe
chete nehanzvadzi dzavo.

16 Shure kwaizvozvi, akazorarama makore zana namakumi mana; akaona vana vake navana vavana vake kusvikira parudzi rwechina.
17 Nokudaro akafa, akwegura ava namakore mazhinji.

# MAPISAREMA
## BHUKU 1
## 1

*Mapisarema 1–41*

1 Akaropafadzwa munhu
asingafambi panorangana vakaipa,
asingamiri panzira yavatadzi,
asingagari pachigaro chavadadi.
2 Asi anofarira murayiro waJehovha,
uye anofungisisa murayiro wake masikati nousiku.
3 Akafanana nomuti wakasimwa pahova dzemvura,
unobereka michero yawo nenguva yawo,
uye mashizha awo haasvavi.
Chinhu chipi nechipi chaanoita chinoendeka.

4 Vakaipa havana kudaro!
Vakafanana nehundi
inopepereswa nemhepo.
5 Naizvozvo vakaipa havangamiri pakutongwa,
kana vatadzi paungano yavakarurama.

6 Nokuti Jehovha anotarira nzira yavakarurama,
asi nzira yavakaipa ichaparadzwa.

## Pisarema 2

1 Ndudzi dzinoitireiko bope?
Uye vanhu vanofungireiko zvisina maturo?
2 Madzimambo enyika azvigadzirira
uye vabati vanoungana pamwe chete
kuti vazorwa naJehovha,
uye kuti vazorwisa Muzodziwa Wake.
3 Vanoti, "Ngatidamburei ngetani dzavo,
tigorasa mabote avo."

4 Iye agere pachigaro choushe chokudenga anoseka;
Ishe anovadadira.
5 Ipapo anovatuka mukutsamwa kwake
uye anovavhundutsa muhasha dzake, achiti,
6 "Ndakagadza Mambo wangu
paZioni, gomo rangu dzvene."
7 Ndichaparidza chirevo chaJehovha, ndichiti:
Iye akati kwandiri, "Ndiwe Mwanakomana wangu;
nhasi ndava Baba vako.
8 Kumbira kwandiri,
uye ndichaita kuti ndudzi dzive nhaka yako,
migumo yenyika ive yako.
9 Uchavatonga netsvimbo yesimbi;
uchavaputsa kuita zvimedu zvimedu sehari."

10 Naizvozvo, imi madzimambo, ngwarai;
munyeverwe, imi vabati venyika.
11 Shumirai Jehovha nokutya,
uye mufare nokudedera.
12 Tsvodai Mwanakomana, kuti arege kutsamwa
mukazoparadzwa munzira yenyu,
nokuti hasha dzake dzingakurumidza kumuka.
Vakaropafadzwa vose vanovanda maari.

# Pisarema 3

Pisarema raDhavhidhi. Panguva yaakatiza Abhusaromu mwanakomana wake.
1 Haiwa Jehovha, vadzivisi vangu vakawanda sei!
Vakawanda sei vanondimukira!
2 Vazhinji vanoti kwandiri,
"Mwari haangamudzikinuri."
Sera

3 Asi imi Jehovha, muri nhoo yakandipoteredza;
munoisa rukudzo pandiri uye munosimudza musoro wangu.
4 Kuna Jehovha ndinodana nenzwi guru,
uye anondipindura ari pagomo rake dzvene.
Sera

5 Ndinovata pasi ndigokotsira;
ndinomukazve, nokuti Jehovha anonditsigira.
6 Handizotyi makumi ezviuru
vakandikomba kuti vandirwise.

7 Simukai, imi Jehovha!
Ndirwirei, imi Mwari wangu!
Rovai vavengi vangu vose pashaya;
gurai meno avakaipa.

8 Rusununguko runobva kuna Jehovha.
Maropafadzo enyu ngaave pamusoro pavanhu venyu.
Sera

# Pisarema 4

Kumutungamiri wenziyo nemitengeranwa. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndipindurei pandinodana kwamuri,
imi Mwari wangu makarurama.
Ndisunungurei pakutambudzika kwangu;
ndinzwirei ngoni uye munzwe munyengetero wangu.

2 Nhai imi vanhu, muchashandura kukudzwa kwangu kukava chinyadziso
kusvikira riniko?
Muchada kutsauswa nokutsvaka vamwari venhema kusvikira riniko?
Sera
3 Zivai kuti Jehovha akazvitsaurira vanomuda;
Jehovha achandinzwa pandinodana kwaari.

4 Pakutsamwa kwenyu, regai kutadza;

pamunenge muri pamibhedha yenyu,
nzverai mwoyo yenyu uye munyarare.
Sera

5 Ipai zvibayiro zvakarurama
uye muvimbe naJehovha.

6 Vazhinji vanobvunza vachiti, "Ndianiko angatiratidza chakanaka?"
Chiedza chechiso chenyu ngachipenye pamusoro pedu, imi Jehovha.
7 Makazadza mwoyo wangu nomufaro mukuru
kupfuura zviyo zvavo newaini yavo itsva yakawanda.

8 Ndichavata pasi ndigokotsira norugare,
nokuti imi moga, Jehovha,
munoita kuti ndigare pakasimba.

# Pisarema 5

Kumutungamiri wokuimba. Nenyere. Pisarema raDhavhidhi.
1 Rerekerai nzeve yenyu kumashoko angu, imi Jehovha.
Rangarirai chikumbiro changu.
2 Teererai inzwi rokuchema kwangu,
Mambo wangu naMwari wangu,
nokuti ndinonyengetera kwamuri.

3 Mangwanani, mononzwa inzwi rangu, imi Jehovha;
mangwanani ndinoisa zvikumbiro zvangu pamberi penyu
uye ndichimirira netariro.

4 Imi hamusi Mwari anofarira zvakaipa;
munhu akaipa haangagari nemi.
5 Munhu anozvikudza haangamiri pamberi penyu;
munovenga vose vanoita zvakaipa.
6 Munoparadza vose vanoreva nhema;
vanoteura ropa navanhu vanonyengera,
Jehovha anovasema.

7 Asi ini, nenyasha dzenyu huru,
ndichapinda mumba menyu;
norukudzo, ndichakotamira pasi pamberi penyu,
ndakatarira kutemberi yenyu tsvene.
8 Nditungamirirei, imi Jehovha,
mukururama kwenyu nokuda kwavavengi vangu,
ruramisai nzira yenyu pamberi pangu.

9 Hakuna shoko rinobva mumuromo mavo ringavimbwa naro;
mwoyo yavo izere nokuparadza.
Huro dzavo iguva rakashama;
vanotaura zvinonyengera norurimi rwavo.
10 Haiwa Mwari, vapei mhosva!
Ngavawisirwe pasi nerangano dzavo.
Vabvisei nokuda kwezvivi zvavo zvizhinji,
nokuti vakakumukirai.

11 Asi vose vanovanda mamuri ngavafare;
ngavagare vachiimba nomufaro.
Tambanudzirai pamusoro pavo kudzivirira kwenyu,
kuitira kuti vaya vanoda zita renyu vafare mamuri.
12 Nokuti zvirokwazvo, imi Jehovha, munoropafadza vakarurama;
munovakomberedza nenyasha dzenyu sokunge nenhoo.

# Pisarema 6

Kumutungamiri wokuimba nemitengeranwa. Nesheminiti. Pisarema raDhavhidhi.

1 Haiwa Jehovha, regai kundirayira mukutsamwa kwenyu,
kana kundiranga muhasha dzenyu.
2 Ndinzwirei ngoni, Jehovha, nokuti ndava kuziya;
haiwa Jehovha, ndiporesei, nokuti mapfupa angu ava kurwadza.
3 Mweya wangu uri kurwadziwa.
Haiwa Jehovha, kusvikira riniko, kusvikira riniko?

4 Dzokai, imi Jehovha, mugondirwira;
ndiponesei nokuda kworudo rwenyu rusingaperi.
5 Hakuna anokurangarirai kana afa.
Ndiani anokurumbidzai kubva muguva?

6 Ndaneta nokugomera;
ndinonyorovesa mubhedha wangu nemisodzi ndichichema usiku hwose,
ndinonyorovesa uvato hwangu nemisodzi.
7 Meso angu aneta nokuchema;
haachaoni nokuda kwavavengi vangu vose.

8 Ibvai pandiri, imi mose munoita zvakaipa,
nokuti Jehovha anzwa kuchema kwangu.
9 Jehovha anzwa kukumbira kwangu nyasha;
Jehovha anogamuchira munyengetero wangu.
10 Vavengi vangu vose vachanyadziswa uye vachavhundutswa;
vachadzokera shure pakarepo mukunyadziswa.

# Pisarema 7

Rwiyo rwaDhavhidhi, rwaakaimbira Jehovha pamusoro paKushi, muBhenjamini.

1 Haiwa Jehovha, Mwari wangu, ndinovanda mamuri;
ndiponesei uye mundirwire pane vose vanondidzinganisa,
2 kuti varege kundibvambura seshumba
nokundibvambura-bvambura pasina anondinunura.

3 Haiwa Jehovha, Mwari wangu,
kana ndichinge ndakaita izvi uye ndine mhosva pamaoko angu,
4 kana ndakaita zvakaipa kuno uya akanga ane rugare neni
kana kupamba muvengi wangu pasina mhaka,
5 ipapo muvengi wangu ngaandidzinganise andibate;
ngaatsike-tsike upenyu hwangu muvhu
uye andivatise muguruva.

6 Simukai, imi Jehovha pakutsamwa kwenyu;
simukai murwise hasha dzavavengi vangu.
Simukai, Mwari wangu; rayirai kururamisira.
7 Marudzi akaungana ngaaungane akakupoteredzai.
Vatongei imi muri kumusoro;
8 Jehovha ngaatonge marudzi.
Nditongei, imi Jehovha, zvakafanira kururama kwangu,
zvakafanira kukwaniswa kwangu, imi Wokumusoro-soro.
9 Haiwa, Mwari akarurama,
iyemi mutonzvera ndangariro nomwoyo,
gumisai kuita nesimba kwavakaipa
mugoita kuti vakarurama vagare zvakanaka.

10 Nhoo yangu ndimi Mwari Wokumusoro-soro,
iye anoponesa vane mwoyo yakarurama.
11 Mwari ndiye mutongi akarurama,
iye Mwari anoratidza hasha dzake zuva nezuva.
12 Kana munhu asingatendeuki,
iye acharodza munondo wake;
achakunga uta hwake agogadzirira.
13 Agadzirira zvombo zvake zvinouraya;
anozvigadzirira miseve yake inopisa.

14 Iye ane mimba yezvakaipa
akatakura mimba yokutambudzika achabereka nhema.
15 Uyo anochera gomba,
akaridzikisa achawira mugomba raachera.
16 Zvakashata zvake zvichadzokera pamusoro wake;
uye kumanikidza kwake kuchauya pamusoro wake.

17 Ndichatenda Jehovha nokuda kwokururama kwake,
uye ndichaimbira zita raJehovha Wokumusoro-soro nziyo dzokurumbidza.

# Pisarema 8

Kumutungamiri wokuimba negititi. Pisarema raDhavhidhi.
1 Haiwa Jehovha, Ishe wedu,
zita renyu rakaisvonaka sei panyika yose!

Makaisa kubwinya kwenyu
kudenga kumusoro.
2 Pamiromo yavana navacheche
makaisa rumbidzo
nokuda kwavavengi venyu,
kuti munyaradze muvengi nomutsivi.

3 Kana ndichifunga nezvamatenga enyu,
iro basa reminwe yenyu,
mwedzi nenyeredzi,
zvamakarongedza panzvimbo yazvo,
4 munhu chiiko zvamunomufunga,
kana mwanakomana womunhu zvamune hanya naye?

5 Makamuita muduku zvishoma pana Mwari,
uye mukamushongedza korona yokubwinya nokukudzwa.

6 Makamuita mutongi pamusoro pebasa ramaoko enyu;
mukaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake:
7 makwai ose nemombe,
nemhuka dzesango,
8 neshiri dzedenga,
nehove dzegungwa,
zvose zvinofamba munzira dzomugungwa.

9 Haiwa Jehovha, Ishe wedu,
zita renyu rakaisvonaka sei panyika yose!

# Pisarema 9

Kumutungamiri wokuimba namaimbiro o"Kufa kwoMwanakomana." Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndichakurumbidzai, imi Jehovha, nomwoyo wangu wose;
ndichataura pamusoro pezvishamiso zvenyu zvose.
2 Ndichafara nokufarisisa mamuri;
ndichaimbira zita renyu nziyo dzokurumbidza, imi Wokumusorosoro.

3 Vavengi vangu vanodzokera shure;
vanogumburwa uye vanoparara pamberi penyu.
4 Nokuti makatsigira kodzero yangu nenyaya yangu;
makagara pachigaro chenyu choushe, muchitonga zvakarurama kwazvo.
5 Makatuka ndudzi mukaparadza vakaipa;
makadzima zita ravo nokusingaperi.
6 Kuparadzwa kusina magumo kwakakunda muvengi,
makadzura maguta avo;
kunyange chiyeuchidzo chavo chakaparara.

7 Jehovha anotonga nokusingaperi;
akasimbisa chigaro chake choushe kuti atonge.
8 Achatonga nyika nokururama;
achatonga marudzi nokururamisira.
9 Jehovha ndiye nhare yavakamanikidzwa,
nhare yakasimba panguva yokutambudzika.
10 Vanoziva zita renyu vachavimba nemi,
nokuti imi, Jehovha hamuna kumbosiya avo vanokutsvakai.

11 Imbirai Jehovha nziyo dzokurumbidza,
iye agere pachigaro choushe muZioni; paridzai zvaakaita pakati pendudzi.
12 Nokuti iye anotsiva ropa anorangarira;
haashayiri hanya kuchema kwavanotambudzwa.

13 Haiwa Jehovha, onai kuti vavengi vangu vanonditambudza sei!
Ndinzwirei ngoni mundisimudze pamasuo orufu,
14 kuti ndiparidze kurumbidzwa kwenyu

mumasuo oMwanasikana weZioni,
uye ndigofara muruponeso rwenyu.

15 Ndudzi dzakawira mugomba radzakachera;
tsoka dzavo dzakabatwa nemimbure yavakaviga.
16 Jehovha anozivikanwa nokururamisira kwake;
vakaipa vakateyiwa namabasa amaoko avo.
Higayoni. Sera
17 Vakaipa vanodzokera kuguva,
idzo ndudzi dzose dzinokanganwa Mwari.
18 Asi vanoshayiwa havangagari vachikanganwikwa,
uye tariro yavanotambudzwa haingaparari.

19 Simukai, Jehovha, munhu ngaarege kukunda;
ndudzi ngadzitongwe pamberi penyu.
20 Varovei nokutyisa, imi Jehovha;
ndudzi ngadzizive kuti vanongova vanhu zvavo.
Sera

# Pisarema 10

1 Munomirireiko kure, imi Jehovha?
Munozvivanzireiko panguva yokutambudzika?

2 Pakuzvikudza kwake munhu akaipa anovhima vasina simba,
vanobatwa namano okufunga kwake.
3 Anozvirumbidza pamusoro pezvinopangwa nomwoyo wake;
anoropafadza vanokara uye anozvidza Jehovha.
4 Pakuzvikudza kwake akaipa haamutsvaki;
mundangariro dzake dzose hamuna nzvimbo yaMwari.
5 Nzira dzake dzinobudirira nguva dzose;
anozvikudza uye mirayiro yenyu iri kure naye;
anodadira vavengi vake vose.
6 Anoti pakufunga kwake, “Hakuna chichandizungunusa;
ndichagara ndakafara uye handingatongotambudziki.”

7 Muromo wake uzere nokutuka, kureva nhema, uye nokutyisidzira;
matambudziko nezvakaipa zviri pasi porurimi rwake.
8 Anovandira ari pedyo nemisha;
pakuvandira uku anouraya vasina mhosva,
ari panzvimbo yakavanzika anotarira vaachaparadza.
9 Anovandira seshumba iri panzvimbo yayo;
anovandira kuti abate vasina anovabatsira;
anobata vasina anobatsira uye anovakweva achienda navo mumumbure wake.
10 Vabatwa vake anovapwanya, vanowa;
vanowira pasi pesimba rake.
11 Anoti mumwoyo make, “Mwari akanganwa;
akafukidza chiso chake uye haazoonizve.”

12 Simukai, imi Jehovha! Simudzai ruoko rwenyu, imi Mwari.
Regai kukanganwa vanomanikidzwa.
13 Munhu akaipa anozvidzireiko Mwari?

Seiko achiti mumwoyo make,
"Haazondibvunzi?"
14 Asi imi, iyemi Mwari, munoona kutambudzika nokusuwa;
munokutarisisa kuti mukupedze.
Asina simba anozviisa kwamuri;
muri mubatsiri wenherera.
15 Vhunai ruoko rweakaipa nerwomunhu akaipa;
ngaazvidavirire pazvakaipa zvake
zvakanga zvisingazoonekwi.

16 Jehovha ndiye Mambo nokusingaperi-peri;
ndudzi dzichaparara munyika yake.
17 Mumonzwa henyu, imi Jehovha, zvishuvo zvavanotambura;
munovakurudzira, uye munoteerera kuchema kwavo,
18 muchiruramisira nherera nevakamanikidzwa,
kuti munhu wenyika, arege kuramba achingovhundutsa.

# Pisarema 11

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndinovanda muna Jehovha.
Mungareva seiko kwandiri muchiti,
"Tizira kugomo rako seshiri.
2 Nokuti tarira, vakaipa vanowembura uta hwavo;
vanogadzirira miseve yavo parukungiso,
kuti vapfure vari murima,
uyo akarurama pamwoyo.
3 Kana nheyo dzaparadzwa,
akarurama angaiteiko?"

4 Jehovha ari mutemberi yake tsvene;
Jehovha ari pachigaro chake choushe chokudenga.
Anocherechedza vanakomana vavanhu;
meso ake anovaedza.
5 Jehovha anoedza vakarurama,
asi vakaipa navanoda zvechisimba
mweya wake unovavenga.
6 Pane vakaipa anonayisa
mazimbe omoto nesafuri inopfuta;
mhepo inopisa ndiwo uchava mugove wavo.

7 Nokuti Jehovha akarurama,
anoda kururamisira;
vanhu vakarurama vachaona chiso chake.

# Pisarema 12

Kumutungamiri wokuimba. Nesheminiti. Pisarema raDhavhidhi.
1 Batsirai, imi Jehovha, nokuti vanoda Mwari hapachina;
vakatendeka vapera pakati pavanhu.
2 Mumwe nomumwe anorevera wokwake nhema;
miromo yavo inobata kumeso nokutaura zvinonyengera.

3 Jehovha ngaagure miromo yose inobata kumeso,

norurimi rumwe norumwe runozvikudza
4 ruchiti, "Tichakunda nendimi dzedu;
miromo ndeyedu, tenzi wedu ndiani?"

5 "Nokuda kwokumanikidzwa kwavasina simba
nokugomera kwavarombo,
ndichasimuka zvino," ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ndichavadzivirira kuna avo vanovaparadza."
6 Uye mashoko aJehovha haana chaangapomerwa,
sesirivha yakacheneswa muchoto chevhu,
yakanatswa kanomwe.

7 Imi Jehovha, muchatichengeta murugare
uye muchatidzivirira kubva kuvanhu vakadai nokusingaperi.
8 Vakaipa vanofamba-famba vakasununguka
kana zvakashata zvichikudzwa pakati pavanhu.

# Pisarema 13

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Kusvikira riniko, nhai Jehovha? Muchandikanganwa nokusingaperi here?
Muchasvika riniko makandivanzira chiso chenyu?
2 Ndichaita mutsimba nepfungwa dzangu kusvikira riniko,
uye ndine shungu mumwoyo mangu zuva rimwe nerimwe?
Muvengi wangu achandikurira kusvikira riniko?

3 Tarirai kwandiri mugondipindura, imi Jehovha Mwari wangu.
Vhenekerai meso angu, kana kuti ndichafa ndakarara;
4 muvengi wangu achati, "Ndamukurira ndamukunda,"
uye vadzivisi vangu vachapembera kana ndawa.

5 Asi ini ndinovimba norudo rwenyu rusingaperi;
mwoyo wangu unofarira ruponeso rwenyu.
6 Ndichaimbira Jehovha,
nokuti akandinakira.

# Pisarema 14

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Benzi rinoti mumwoyo maro,
"Hakuna Mwari."
Vakaora, mabasa avo akashata;
hakuna anoita zvakanaka.

2 Jehovha ari kudenga anotarira pasi
pamusoro pavanakomana vavanhu,
kuti aone kana aripo anonzwisisa,
naani zvake anotsvaka Mwari.
3 Vose vakatsauka,
vose pamwe chete vakasvibiswa;
hakuna anoita zvakanaka,
kunyange nomumwe.

4 Ko, vaiti vezvakaipa havadzidziwo here,
ivo vanodya vanhu vangu savanhu vanodya chingwa,
uye vasingadani kuna Jehovha?
5 Pavari ipapo, vakazara nokutya,
nokuti Mwari ari paungano yavakarurama.
6 Imi vaiti vezvakaipa, munokanganisa urongwa hwavarombo,
asi Jehovha ndiye utiziro hwavo.

7 Haiwa, dai ruponeso rwaIsraeri rwaibuda muZioni!
Kana Jehovha achidzosazve nhaka yavanhu vake,
Jakobho ngaapembere uye Israeri ngaafare.

# Pisarema 15

Pisarema raDhavhidhi.
1 Jehovha, ndiani angagara munzvimbo yenyu tsvene?
Ndiani angagara pagomo renyu dzvene?

2 Iye anofamba asina chaanopomerwa uye
anoita zvakarurama,
anotaura chokwadi zvichibva pamwoyo wake,
3 uye asina makuhwa parurimi rwake,
asingaitiri wokwake zvakaipa
uye asingatuki waagere naye,
4 anozvidza munhu akaipa
asi anokudza vaya vanotya Jehovha,
anochengeta mhiko yake
kunyange kana zvichirwadza,
5 anokweretesa mari yake asingarevi mhindu
uye asingagamuchiri fufuro pamusoro pousina mhosva.

Munhu anoita izvi
haangatongozungunuswi.

# Pisarema 16

Mikitami raDhavhidhi.
1 Ndichengetedzei, imi Mwari,
nokuti ndinovanda mamuri.

2 Ndakati kuna Jehovha, "Ndimi Ishe wangu;
kunze kwenyu handina chinhu chakanaka."
3 Kana vari vatsvene vari panyika,
ndivo vakaisvonaka vandinofarira chose.
4 Kuchema kuchawedzerwa,
kwaavo vanomhanyira vamwe vamwari.
Handichazodiri zvipiriso zvavo zveropa
zvinodururwa kana kuisa mazita avo pamiromo yangu.

5 Jehovha, makandigovera mugove wangu nomukombe wangu;
mukaita kuti mugove wangu uchengetedzeke.
6 Ndakayererwa miganhu panzvimbo yakanaka;
zvirokwazvo ndine nhaka inofadza.

7 Ndicharumbidza Jehovha, anondipa zano;
kunyange usiku mwoyo wangu unondirayira.
8 Ndakaisa Jehovha pamberi pangu nguva dzose.
Nokuti ari kurudyi rwangu,
handingatongozunguntuswi.

9 Naizvozvo mwoyo wangu unofara uye rurimi rwangu runopururudza;
muviri wanguwo uchazorora zvakanaka,
10 nokuti imi hamuzondisiyi muguva,
kana kurega Mutsvene wenyu achiona kuora.
11 Makandizivisa nzira youpenyu;
muchandizadza nomufaro uri pamberi penyu,
nezvinofadza zvisingaperi muruoko rwenyu rworudyi.

# Pisarema 17

Munyengetero waDhavhidhi.
1 Inzwai, imi Jehovha, mukumbiro wangu wakarurama;
inzwai kuchema kwangu.
Rerekerai nzeve yenyu kumunyengetero wangu,
usingabvi pamiromo inonyengera.
2 Kururamiswa kwangu ngakubve kwamuri;
meso enyu ngaaone zvakarurama.

3 Kunyange mukaedza mwoyo wangu uye mukandiongorora usiku,
kunyange mukandiedza, hamungawani chinhu;
ndakazvisunga kuti muromo wangu urege kutadza.
4 Kana ari mabasa avanhu,
neshoko remiromo yenyu,
ndakanzvenga nzira
dzouyo anoita nechisimba.
5 Nhambwe dzangu dzakarambira panzira dzenyu;
tsoka dzangu hadzina kutedzemuka.

6 Haiwa Mwari, ndinodana kwamuri, nokuti muchandipindura;
rerekerai nzeve yenyu kwandiri, munzwe munyengetero wangu.
7 Ratidzai kushamisa kworudo rwenyu rukuru,
imi munoponesa noruoko rwenyu rworudyi,
avo vanovanda vavengi vavo mamuri.
8 Ndichengetei semboni yeziso renyu;
ndivanzei pasi pomumvuri wamapapiro enyu,
9 kubva kuno wakaipa anondirwisa,
kubva kuvavengi vangu, vanoda kundiuraya, vakandikomberedza.

10 Vanodzivira mwoyo yavo yakavangarara,
uye miromo yavo inotaura nokuzvikudza.
11 Vakandironda, zvino vandikomba,
vanocherechedza nameso avo kuti vandiwisire pasi.
12 Vakaita seshumba ine nzara yechokudya,
seshumba huru yakavandira pakavanda.

13 Haiwa, Jehovha, simukai, mirai pamberi pavo,
vawisirei pasi; ndirwirei nomunondo wenyu pano wakaipa.

14 Haiwa, Jehovha, ndiponesei noruoko rwenyu kubva kuvanhu vakadai,
kubva kuvanhu venyika ino vano mubayiro uri muupenyu huno.

Munopedza nzara yaavo vamunoda;
vanakomana vavo vane zvakawanda,
uye vanounganidzira vana vavo pfuma.
15 Zvino ini mukururama, ndichaona chiso chenyu;
pandinomuka, ndichagutswa nokuona mufananidzo wenyu.

# Pisarema 18

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi muranda waJehovha. Akaimbira Jehovha mashoko orwiyo urwu paakarwirwa naJehovha kubva mumaoko avavengi vake vose nomuruoko rwaSauro. Akati:
1 Ndinokudai, imi Jehovha, simba rangu.

2 Jehovha ndiye dombo rangu, nhare yangu, murwiri wangu;
Mwari wangu ndiye dombo rangu, wandinovanda maari.
Ndiye nhoo yangu norunyanga rworuponeso rwangu, shongwe yangu.
3 Ndinodana kuna Jehovha, iye akafanira kurumbidzwa,
uye ndinoponeswa kubva kuvavengi vangu.

4 Mabote orufu akandipinganidza;
mvura zhinji inoparadza yakandifukidza.
5 Mabote eguva akandimonera;
misungo yorufu yakanangana neni.
6 Pakutambudzika kwangu ndakadana kuna Jehovha;
ndakadana kuna Mwari wangu kuti ndibatsirwe.
Akanzwa inzwi rangu ari mutemberi yake;
kuchema kwangu kwakasvika pamberi pake munzeve dzake.

7 Nyika yakadedera ikadengenyeka,
uye nheyo dzamakomo dzakazunguzika;
8 Utsi hwakakwira huchibva mumhino dzake;
moto unoparadza wakabuda mumuromo make,
mazimbe anopisa akabuda mauri achipfuta.
9 Akatsemura matenga akauya pasi;
makore erima akanga ari pasi petsoka dzake.
10 Akatasva makerubhi akabhururuka;
akabhururuka pamapapiro emhepo.
11 Akaita rima chifukidzo chake, denga rake rakamupoteredza,
iwo makore matema emvura okudenga.
12 Nokupenya kwaibva pamberi pake, makore akabuda akafamba,
nechimvuramabwe nokupenya kwemheni.
13 Jehovha akatinhira kudenga;
inzwi roWokumusoro-soro rikanzwika.
14 Akapfura miseve yake akaparadzira vavengi vake,
kupenya kukuru kwemheni kukavavhundutsa.
15 Mipata yegungwa yakaiswa pachena,
uye nheyo dzenyika dzakaiswa pachena
pakutuka kwenyu, imi Jehovha,
nokufema kwemhino dzenyu.

16 Akadzika pasi achibva kumusoro akanditora;
akandibudisa pamvura zhinji yakadzika.
17 Akandinunura kubva kuvavengi vangu vane simba,
kubva kuvadzivisi vangu, vakanga vakasimba zvikuru kwandiri.
18 Vakandinanga pazuva renjodzi yangu,
asi Jehovha akanga ari mutsigiri wangu.
19 Akandibudisa akandiisa panzvimbo yakafarikana;
akandinunura nokuti akanga achindifarira.

20 Jehovha akandiitira zvakafanira kururama kwangu;
nokuchena kwamaoko angu.
21 Nokuti ndakachengeta nzira dzaJehovha;
handina kuita zvakaipa nokubva pana Mwari wangu.
22 Mirayiro yake yose iri pamberi pangu;
handina kutsauka pazvirevo zvake.
23 Ndakanga ndisina chandingapomerwa pamberi pake,
uye ndakazvichengeta kuti ndigare kure nechivi.
24 Jehovha akandipa mubayiro zvakaringana nokururama kwangu,
zvakaringana nokuchena kwamaoko angu pamberi pake.

25 Kuna vakatendeka munoratidza kutendeka kwenyu,
kuna vasina chavangapomerwa munoratidza kusapomerwa kwenyu,
26 kuna vakachena munoratidza kuchena kwenyu,
asi kuna vakatsauka munoratidza hasha dzenyu.
27 Munoponesa vanozvininipisa,
asi muchideredza vane meso anozvikudza.
28 Imi, iyemi Jehovha, munoita kuti mwenje wangu urambe uchipfuta;
Mwari wangu anoshandura rima rangu richiva chiedza.
29 Norubatsiro rwenyu ndichaenda kundorwa hondo;
naMwari wangu ndinogona kukwira rusvingo.

30 Kana ari Mwari, nzira yake yakakwana;
shoko raJehovha harina charingapomerwa.
Ndiye nhoo
yavose vanovanda maari.
31 Nokuti ndianiko Mwari kunze kwaJehovha?
Uye ndianiko Dombo kunze kwaMwari wedu?
32 NdiMwari anondishongedza nesimba
uye anokwanisa nzira yangu.
33 Anoita kuti tsoka dzangu dzive setsoka dzenondo;
anoita kuti ndigone kumira pakakwirira.
34 Anodzidzisa maoko angu kurwa;
maoko angu anowembura uta hwendarira.
35 Munondipa nhoo yenyu yokukunda,
uye ruoko rwenyu rworudyi runonditsigira;
munokotama pasi kuti mundiite mukuru.
36 Munondiitira nzira yakapamhama pasi pangu,
kuitira kuti zvitsitsinho zvangu zvirege kutedzemuka.

37 Ndakatevera vavengi vangu ndikavabata;
handina kudzokera shure kusvikira vaparadzwa.

38 Ndakavapwanya kuti vakoniwe kusimuka;
vakawira pasi petsoka dzangu.
39 Makandishongedza nesimba rokurwa;
makaita kuti vadzivisi vangu vapfugame patsoka dzangu.
40 Makaita kuti vavengi vangu vatize,
uye ndakaparadza vavengi vangu.
41 Vakachemera kubatsirwa, asi hakuna akavaponesa,
kunyange kuna Jehovha, asi haana kuvapindura.
42 Ndakavapura vakatsetseka seguruva ratakurwa nemhepo;
ndakavadururira pasi sedope renzira dzomumusha.

43 Makandirwira pakurwisa kwavanhu;
makandiita musoro wendudzi;
vanhu vandakanga ndisingazivi vava varanda vangu.
44 Pavanongondinzwa, vanonditeerera;
vatorwa vanokotama pamberi pangu.
45 Vose vanoora mwoyo;
vanouya vachibva panhare dzavo vachidedera.

46 Jehovha mupenyu! Dombo rangu ngarirumbidzwe!
Ngaakudzwe Mwari Muponesi wangu!
47 Ndiye Mwari anonditsivira,
anoisa ndudzi pasi pangu,
48 anondiponesa pavavengi vangu.
Makandisimudzira pamusoro pavavengi vangu.
Makandinunura kubva kuvanhu vechisimba.
49 Naizvozvo ndichakurumbidzai pakati pendudzi, imi Jehovha;
ndichaimbira zita renyu nziyo dzokurumbidza.
50 Anopa mambo wake kukunda kukuru;
anoratidza unyoro hwake husingaperi kumuzodziwa wake,
kuna Dhavhidhi nokuvana vake nokusingaperi.

# Pisarema 19

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Matenga anotaura kubwinya kwaMwari;
matenga anoparidza mabasa amaoko ake.
2 Zuva nezuva anotaura;
usiku nousiku anoratidza zivo.
3 Hakuna mutauro kana rurimi
rusinganzwi inzwi ravo.
4 Inzwi razvo rinosvika panyika yose,
mashoko azvo kumagumo apasi.

Mumatenga imomo, akadzika tende rezuva,
5 rakaita sechikomba chinobuda mumba,
seshasha inopemberera kumhanya nhangemutange.
6 Rinobuda kuno rumwe rutivi rwedenga
richitenderera kusvikira kuno rumwe rutivi;
hakuna chinhu chakavanzika kubva pakupisa kwaro.

7 Murayiro waJehovha wakakwana,
unomutsiridza mweya.

Zvirevo zvaJehovha zvakavimbika,
zvinopa njere kuna vasina mano.
8 Zvirevo zvaJehovha zvakarurama,
zvinopa mufaro kumwoyo.
Murayiro waJehovha unopenya,
unopa chiedza kumaziso.
9 Kutya Jehovha kwakanaka,
kunogara nokusingaperi.
Zvakatongwa naJehovha ndezvechokwadi
uye zvose zvakarurama.
10 Zvinokosha kupfuura goridhe,
kupfuura goridhe rakanatswa;
zvinotapira kupfuura uchi,
kupinda uchi hwabva muzinga.
11 Muranda wenyu anoyambirwa nazvo;
pakuzvichengeta pano mubayiro mukuru.

12 Ndianiko angaziva kukanganisa kwake?
Ndikanganwirei mhosva dzangu dzakavanzika.
13 Dzorai muranda wenyu kubva pakutadza nobwoni;
ngazvirege kuva nesimba pamusoro pangu.
Ipapo handizovi nemhosva,
ndisina mhaka yokudarika kukuru.

14 Mashoko omuromo wangu nokurangarira kwomwoyo wangu
ngazvifadze pamberi penyu,
imi Jehovha, Dombo rangu noMudzikinuri wangu.

# Pisarema 20

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Jehovha ngaakupindure paunotambudzika;
zita raMwari waJakobho ngarikudzivirire.
2 Ngaakutumire rubatsiro runobva panzvimbo tsvene,
uye akupe rutsigiro runobva kuZioni.
3 Ngaarangarire zvibayiro zvako zvose
uye agogamuchira zvibayiro zvako zvinopiswa.
Sera
4 Ngaakupe zvinodikanwa nomwoyo wako,
uye aite kuti urongwa hwako hwose hubudirire.
5 Tichadanidzira nomufaro pakukunda kwako,
uye tichasimudza mireza yedu muzita raMwari wedu.

Jehovha ngaakupe zvose zvawakakumbira.

6 Zvino ndava kuziva kuti Jehovha anoponesa muzodziwa wake;
anomupindura ari kudenga rake dzvene,
nesimba rokuponesa kworuoko rwake rworudyi.
7 Vamwe vanovimba nengoro, vamwe namabhiza,
asi isu tinovimba nezita raJehovha Mwari wedu.
8 Vanowisirwa pasi namabvi avo vagowa,
asi isu tinosimuka tigomira takasimba.

9 Haiwa Jehovha, ponesai mambo!
Tipindurei patinodana!

# Pisarema 21

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Haiwa Jehovha, mambo anofara musimba renyu.
Mufaro wake mukuru sei pakukunda kwamunomupa!

2 Makamupa zvinodikanwa nomwoyo wake,
uye hamuna kumunyima zvaikumbirwa nomuromo wake.
Sera
3 Makamugamuchira nemikomborero yakapfuma,
uye makadzika pamusoro pake korona yegoridhe yakachena.
4 Akakukumbirai upenyu, mukamupa mazuva
mazhinji, nokusingaperi-peri.
5 Kubudikidza nokukunda kwamakamupa,
kukudzwa kwake kukuru; makaisa pamusoro pake kubwinya nokukudzwa.
6 Zvirokwazvo makamupa maropafadzo anogara nokusingaperi,
mukamufadza nomufaro pamberi penyu.
7 Nokuti mambo anovimba naJehovha;
nokuda kworudo rusingaperi rwoWokumusoro-soro,
iye haangazungunuswi.

8 Ruoko rwenyu ruchabata vavengi venyu vose;
ruoko rwenyu rworudyi ruchabata vavengi venyu.
9 Panguva yokuonekwa kwenyu
muchavaita sevira romoto.
Jehovha achavamedza nehasha dzake,
uye moto wake uchavaparadza.
10 Muchaparadza zvizvarwa zvavo kubva panyika,
vana vavo kubva pakati pavanhu.
11 Kunyange vachirangana zvakaipa pamusoro penyu
nokufunga mano akaipa, havangagoni kubudirira;
12 nokuti muchaita kuti vafuratire,
pamuchavananga nouta hwakawemburwa.

13 Simudzirwai, imi Jehovha, musimba renyu;
tichaimba uye ticharumbidza simba renyu.

# Pisarema 22

Kumutungamiri wokuimba. Namaimbirwo e"Nondo yamangwanani." Pisarema raDhavhidhi.
1 Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?
Sei muri kure zvakadai nokundiponesa,
kure zvakadai namashoko okugomera kwangu?
2 Haiwa Mwari wangu, ndinodanidzira masikati,
asi hamundipinduri, nousiku, uye handinyarari.

3 Asi imi makagadzwa saIye Mutsvene;
ndimi rumbidzo yaIsraeri.
4 Madzibaba edu akavimba nemi;

vakavimba, uye mukavarwira.
5 Vakachema kwamuri, vakaponeswa;
vakavimba nemi uye havana kunyadziswa.

6 Asi ini ndiri honye kwete munhu,
ndinozvidzwa navanhu uye ndinoshorwa namarudzi.
7 Vose vanondiona vanondiseka;
vanoshamisa miromo yavo vachinditukа, vachidzungudza misoro yavo vachiti,
8 “Anovimba naJehovha;
Jehovha ngaamununure.
Ngaamuponese,
sezvo achimufarira.”

9 Asi ndimi makandibudisa mudumbu;
mukaita kuti ndivimbe nemi
ndichiri pachipfuva chamai vangu.
10 Kubva pakuzvarwa kwangu, ndakaiswa kwamuri;
kubva mudumbu ramai vangu, makanga muchingova Mwari wangu.

11 Regai kuva kure neni,
nokuti dambudziko riri pedyo
uye hakuna angabatsira.

12 Hando zhinji dzakandikomba;
hando dzine simba dzeBhashani dzakandipoteredza.
13 Shumba dzinoomba dzichibvambura nyama,
dzinondishamira miromo yadzo.
14 Ndadururwa semvura,
uye mapfupa angu ose abva asvodogoka.
Mwoyo wangu washanduka ukava namo;
wanyungudika mukati mangu.
15 Simba rangu raoma sechaenga,
uye rurimi rwangu runonamatira kumusoro kwomuromo wangu;
munondiradzika muguruva rorufu.
16 Imbwa dzakandikomba;
boka ravanhu vakaipa rakandipoteredza,
vakabvoora maoko angu netsoka dzangu.
17 Ndinokwanisa kuverenga mapfupa angu ose;
vanhu vanondinan’anidza uye vanofarira kutambudzika kwangu.
18 Vanogovana nguo dzangu pakati pavo
uye vanokanda mijenya nokuda kwenguo yangu.

19 Asi imi, Jehovha, regai kuva kure neni;
imi simba rangu, kurumidzai kundibatsira.
20 Rwirai upenyu hwangu pamunondo,
ihwo upenyu hwangu hunokosha, kubva pasimba rembwa.
21 Ndinunurei pamuromo weshumba;
ndiponesei panyanga dzenyati.

22 Ndichaparidza zita renyu kuhama dzangu;
ndichakurumbidzai paungano.

23 Imi munotya Jehovha, murumbidzei!
Imi mose zvizvarwa zvaJakobho, mukudzei!
Mutyei, imi mose zvizvarwa zvaIsraeri!
24 Nokuti haana kuzvidza kana kusema
chibayiro chaiye akatambudzwa;
haana kumuvanzira chiso chake,
asi akanzwa kuchemera kwake rubatsiro.

25 Kwamuri ndiko kunobva dingindira rerumbidzo yangu paungano huru;
ndichazadzisa mhiko dzangu pamberi pavanokutyai.
26 Varombo vachadya uye vagoguta;
vanotsvaka Jehovha vachamurumbidza,
mwoyo yenyu ngairarame nokusingaperi!

27 Migumo yose yenyika
icharangarira igodzokera kuna Jehovha,
uye mhuri dzendudzi dzose
dzichapfugama pamberi pake,
28 nokuti ushe ndohwaJehovha
uye anotonga pamusoro pendudzi.

29 Vapfumi vose venyika vachadya
uye vachamunamata; vose vanoburukira muguruva vachapfugama pamberi pake,
navose vasingagoni kuzviraramisa.
30 Vana vake vachamushumira;
zvizvarwa zvinotevera zvichaudzwa nezvaIshe.
31 Vachaparidza kururama kwake
kuvanhu vasati vaberekwa,
nokuti akazviita.

# Pisarema 23

Pisarema raDhavhidhi.
1 Jehovha ndiye mufudzi wangu, hapana chandingashayiwa.
2 Anondivatisa pamafuro manyoro,
anondisesedza pamvura inozorodza,
3 anoponesa mweya wangu.
Anondifambisa panzira dzokururama
nokuda kwezita rake.
4 Kunyange ndikafamba nomumupata womumvuri worufu,
handingatyi zvakaipa,
nokuti imi muneni;
tsvimbo yenyu nomudonzvo
wenyu zvinondinyaradza.

5 Munondigadzirira tafura
pamberi pavavengi vangu.
Munozodza musoro wangu namafuta;
mukombe wangu unopfachukira.
6 Zvirokwazvo kunaka kwenyu norudo rwenyu zvichanditevera,
mazuva ose oupenyu hwangu,
uye ndichagara mumba maJehovha

nokusingaperi.

# Pisarema 24

Pisarema raDhavhidhi.
1 Nyika ndeyaJehovha, nezvose zviri mairi,
nyika, navose vanogaramo;
2 nokuti akaiteya pamusoro pamakungwa
uye akaisimbisa pamusoro pemvura zhinji.

3 Ndianiko angakwira pachikomo chaJehovha?
Ndianiko angamira panzvimbo yake tsvene?
4 Uyo ana maoko akachena nomwoyo wakanaka,
asingasimudziri mwoyo wake kuzvifananidzo,
kana kupika nhema.

5 Iye achagamuchira makomborero anobva kuna Jehovha
nokururamiswa kunobva kuna Mwari woruponeso rwake.
6 Ivava ndivo rudzi rwaavo vanomutsvaka,
ivo vanotsvaka chiso chenyu, imi Mwari waJakobho.
Sera

7 Simudzai misoro yenyu, imi masuo;
muisimudze, imi makonhi akare,
kuti Mambo wokubwinya apinde.
8 Ndianiko uyu Mambo wokubwinya?
Ndiye Jehovha ane simba noumhare,
Jehovha ane simba pakurwa.
9 Simudzai misoro yenyu, imi masuo;
muasimudze, imi makonhi akare,
kuti Mambo wokubwinya apinde.
10 Ndianiko, uyu Mambo wokubwinya?
Jehovha Wamasimba Ose,
ndiye Mambo wokubwinya.
Sera

# Pisarema 25

Pisarema raDhavhidhi.
1 Jehovha, ndinosimudzira mwoyo wangu kwamuri;
2 haiwa Mwari wangu, ndinovimba nemi.

Musandirega ndichinyadziswa,
uye musarega vavengi vangu vachindikunda.
3 Hapana munhu ane tariro mamuri
achanyadziswa,
asi vachanyadziswa
avo vanonyengera pasina chikonzero.

4 Ndiratidzei nzira dzenyu, imi Jehovha,
ndidzidzisei nzira dzenyu;
5 nditungamirirei muzvokwadi yenyu mugondidzidzisa,
nokuti ndimi Mwari Muponesi wangu,
uye tariro yangu iri pamuri zuva rose.

6 Rangarirai, imi Jehovha, ngoni dzenyu huru norudo,
nokuti zvakabvira kare.
7 Regai kurangarira zvivi zvouduku hwangu,
nenzira dzangu dzandaikumukirai nadzo;
ndirangarirei nokuda kworudo rwenyu,
nokuti makanaka, imi Jehovha.

8 Jehovha akanaka uye akarurama;
naizvozvo anodzidzisa vatadzi nzira dzake.
9 Anotungamirira vanozvininipisa mune zvakarurama,
uye anovadzidzisa nzira yake.
10 Nzira dzose dzaJehovha ndedzorudo nokutendeka,
kuna avo vanochengeta zvirevo zvesungano yake.
11 Nokuda kwezita renyu, imi Jehovha,
kanganwirai chakaipa changu, kunyange chiri chikuru.

12 Ndiani, zvino, munhu anotya Jehovha?
Achamudzidzisa nzira yaakasarudzirwa.
13 Achararama upenyu hwake mukubudirira,
uye zvizvarwa zvake zvichagara nhaka yenyika.
14 Jehovha anogara pakati pavanomutya;
anozivisa sungano yake kwavari.
15 Meso angu anoramba achitarira kuna Jehovha,
nokuti ndiye chete anosunungura tsoka dzangu pamusungo.

16 Dzokerai kwandiri uye mundinzwire nyasha,
nokuti ndiri ndoga uye ndinotambudzika.
17 Matambudziko omwoyo wangu awanda;
ndisunungurei pakurwadziwa kwangu.
18 Tarirai kutambudzika kwangu nenhamo yangu,
mugobvisa zvivi zvangu zvose.
19 Tarirai kuwanda kwaita vavengi vangu,
uye kuti vanondivenga zvakakura sei!

20 Rindai upenyu hwangu mugondinunura;
ndirege kunyadziswa,
nokuti ndinovanda mamuri.
21 Kusanyengera nokururama ngazvindichengete,
nokuti tariro yangu iri mamuri.

22 Dzikinurai Israeri, imi Mwari,
kuti vabve mumatambudziko avo ose!

# Pisarema 26

Pisarema raDhavhidhi.
1 Nditongerei, imi Jehovha,
nokuti ndakararama upenyu
husina chahungapomerwa;
ndakavimba naJehovha ndisingazungunuki.
2 Ndiedzei, imi Jehovha, ndinzverei,
nzverai mwoyo wangu nendangariro dzangu;
3 nokuti rudo rwenyu rwuri pamberi pangu nguva dzose,

uye ndinogara ndichifamba muzvokwadi yenyu.

4 Handigari navanhu vanonyengera,
kana kufambidzana navanyengeri;
5 ndinovenga ungano yavaiti vezvakaipa,
uye ndinoramba kugara navakaipa.
6 Ndinoshamba maoko angu ndisina mhaka,
uye ndinofamba-famba paaritari yenyu, imi Jehovha,
7 ndichiparidza rumbidzo yenyu nenzwi guru,
uye ndichireva zvamabasa enyu ose anoshamisa.
8 Ndinoda imba yamunogara, imi Jehovha,
nzvimbo inogara kubwinya kwenyu.

9 Regai kubatanidza mweya wangu navatadzi,
noupenyu hwangu navanoteura ropa,
10 vana maoko akabata zvakaipa,
vazere nefufuro mumaoko avo orudyi.
11 Asi ini ndinogara upenyu husina chahungapomerwa;
ndidzikinurei uye mundinzwire ngoni.

12 Tsoka dzangu dzimire pakati chechetere;
ndicharumbidza Jehovha paungano huru.

# Pisarema 27

Pisarema raDhavhidhi.
1 Jehovha ndiye chiedza changu noruponeso rwangu,
ndichagotya aniko?
Jehovha ndiye nhare youpenyu hwangu,
ndianiko wandingatya?

2 Vanhu vakaipa pavakauya kwandiri
kuzodya nyama yangu,
vavengi navadzivisi vangu pavanondirwisa,
vanogumburwa ndokuwa.
3 Kunyange hondo ikandikomba,
mwoyo wangu haungazotyi;
kunyange hondo ikamuka kuzondirwisa,
ipapo ndichavimba naJehovha.

4 Chinhu chimwe chete chandinokumbira kuna Jehovha,
ndicho chandinotsvaka:
kuti ndigare mumba maJehovha
mazuva ose oupenyu hwangu,
kuti nditarire kunaka kwaJehovha
uye ndimutsvake mutemberi yake.
5 Nokuti zuva rokutambudzika
achandichengeta zvakanaka munzvimbo yaanogara;
achandiviga mudumba retabhenakeri yake,
agondikwidza pamusoro pedombo.

6 Ipapo musoro wangu uchasimudzirwa
pamusoro pavavengi vakandipoteredza;

ndichamubayira zvibayiro patabhenakeri yake nomufaro mukuru;
ndichaimba ndigoimbira Jehovha nziyo.

7 Inzwai inzwi rangu kana ndichidana, imi Jehovha;
ndinzwirei ngoni mugondipindura.
8 Mwoyo wangu unoti kwandiri, “Tsvaka chiso chake!”
Chiso chenyu, Jehovha, ndichachitsvaka.
9 Regai kundivanzira chiso chenyu,
musadzinga muranda wenyu mukutsamwa;
makanga muri mubatsiri wangu.
Regai kundiramba kana kundisiya,
imi Mwari Muponesi wangu.
10 Kunyange baba vangu namai vangu vakandisiya,
Jehovha achandigamuchira.
11 Ndidzidzisei nzira yenyu, imi Jehovha;
ndisesedzei munzira yakarurama
nokuda kwavamanikidzi vangu.
12 Regai kundisundira kuzvido zvavavengi vangu,
nokuti zvapupu zvenhema zvinondimukira,
vachifemedzeka nehasha.

13 Ndichine chokwadi neizvi zvokuti:
ndichaona kunaka kwaJehovha
munyika yavapenyu.
14 Rindira Jehovha;
iva nesimba,
utsunge mwoyo ugomirira Jehovha.

# Pisarema 28

Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndinodana kwamuri, imi Jehovha Dombo rangu;
musandinyararira.
Nokuti kana mukaramba munyerere,
ini ndichaita savaya vakaburukira kugomba.
2 Inzwai kuchemera ngoni kwangu,
sezvo ndichichemera rubatsiro kwamuri,
sezvo ndichisimudza maoko angu
ndakatarira kuNzvimbo yenyu Tsvene-tsvene.

3 Musandikwekweredzera kure pamwe chete navakaipa,
naavo vanoita zvakaipa,
vanotaura rugare navavakidzani vavo
asi vakaviga zvakaipa mumwoyo yavo.
4 Vatsivei pamabasa avo
napabasa ravo rakaipa,
vatsivei pane zvakaitwa namaoko avo;
mugodzosera pamusoro pavo zvakavafanira.

5 Sezvo vasina hanya namabasa aJehovha
uye nezvakaitwa namaoko ake,
achavaputsira pasi
akasavavakazve.

6 Jehovha ngaarumbidzwe,
nokuti akanzwa kuchemera kwangu ngoni.
7 Jehovha ndiye simba rangu nenhoo yangu;
mwoyo wangu unovimba naye, uye ndinobatsirwa.
Mwoyo wangu unokwakuka nomufaro
uye ndichamuvonga nenziyo.

8 Jehovha ndiye simba ravanhu vake,
nhare yoruponeso yomuzodziwa wake.
9 Ponesai vanhu venyu uye muropafadze nhaka yenyu;
ivai mufudzi wavo uye muvatakure nokusingaperi.

# Pisarema 29

Pisarema raDhavhidhi.
1 Ipai kuna Jehovha, imi mune simba
ipai kuna Jehovha rukudzo nesimba.
2 Ipai kuna Jehovha rukudzo rwakafanira zita rake;
namatai Jehovha mukubwinya kwoutsvene hwake.

3 Inzwi raJehovha riri pamusoro pemvura zhinji.
Mwari wokubwinya anotinhira,
Jehovha anotinhira ari pamusoro pemvura zhinji.
4 Inzwi raJehovha rine simba;
inzwi raJehovha rinokudzwa.
5 Inzwi raJehovha rinovhuna misidhari,
Jehovha anovhuna-vhuna misidhari yeRebhanoni.
6 Anoita kuti Rebhanoni ikwakuke semhuru,
neSirioni senzombe yenyati.
7 Inzwi raJehovha rinorova
nokuvaima kwemheni.
8 Inzwi raJehovha rinozungunusa gwenga;
Jehovha anozungunusa Gwenga reKadheshi.
9 Inzwi raJehovha rinomonyorora miouki
uye rinosvuura sango rigosara rati hwe-e.
Uye mutemberi yake zvose zvinodana zvichiti, “Kubwinya!”

10 Jehovha anogara pachigaro choushe chamafashamu emvura;
Jehovha anogara ari Mambo nokusingaperi.
11 Jehovha anopa simba kuvanhu vake;
Jehovha anoropafadza vanhu vake norugare.

# Pisarema 30

Pisarema. Rwiyo rwokukumikidza temberi. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndichakukudzai imi Jehovha,
nokuti makandisimudza kubva pakadzika,
uye hamuna kutendera vavengi vangu kuti vafare pamusoro pangu.
2 Haiwa Jehovha Mwari wangu, ndakachemera rubatsiro kwamuri
uye mukandiporesa.
3 Haiwa Jehovha, makandibudisa muguva;
mukandirwira kuti ndirege kupinda mugomba.

4 Imbirai Jehovha, imi vatsvene vake;
rumbidzai zita rake dzvene.
5 Nokuti kutsamwa kwake ndokwenguva duku,
asi nyasha dzake ndedzoupenyu hwose;
kuchema kungangovapo usiku.
Asi mufaro unouya mangwanani.

6 Pandakanzwa kugadzikana, ndakati,
"Handingatongozungunuswi."
7 Haiwa Jehovha, pamakandinzwira tsitsi,
makaita kuti gomo rangu rimire rakasimba;
asi pamakavanza chiso chenyu,
ini ndakavhunduka.

8 Ndakadana kwamuri, imi Jehovha;
ndakachemera nyasha kuna Jehovha ndichiti,
9 "Chiiko chinowanikwa pakuparadzwa kwangu,
napakupinda kwangu mugomba?
Ko, guruva richakurumbidzai here?
Richaparidza kutendeka kwenyu here?
10 Inzwai, imi Jehovha, mundinzwire ngoni;
imi Jehovha, ivai mubatsiri wangu."

11 Imi makashandura kuungudza kwangu kukava kutamba;
makabvisa nguo dzangu dzamasaga mukandishongedza nomufaro,
12 kuti mwoyo wangu ukuimbirei ugorega kunyarara.
Haiwa Jehovha Mwari wangu, ndichakuvongai nokusingaperi.

# Pisarema 31

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndinovanda mamuri, imi Jehovha;
itai kuti ndisatombonyadziswa;
ndirwirei mukururama kwenyu.
2 Rerekerai nzeve yenyu kwandiri,
kurumidzai kundinunura;
ivai dombo rangu rokuvanda,
nhare yakasimba inondiponesa.
3 Sezvo murimi dombo rangu nenhare yangu,
nditungamirirei uye mundisesedze nokuda kwezita renyu.
4 Ndisunungurei pamusungo wandakadzikirwa,
nokuti imi muri utiziro hwangu.
5 Ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu;
ndidzikinurei, imi Jehovha, Mwari wechokwadi.

6 Ndinovenga vanonamatira kuzvifananidzo zvisina maturo;
ndinovimba naJehovha.
7 Ndichafara nokufarisisa murudo rwenyu,
nokuti makaona kutambudzika kwangu
mukaziva kurwadziwa kwomwoyo wangu.
8 Hamuna kundiisa kumuvengi,
asi makamisa tsoka dzangu panzvimbo yakafarikana.

9 Haiwa Jehovha, ndinzwirei ngoni nokuti ndine nhamo;
meso angu aneta nokuchema,
mwoyo wangu nomuviri wangu zvarwadziwa.
10 Upenyu hwangu hwopera nokurwadziwa,
uye namakore angu nokugomera;
simba rangu rapera nokuda kwokutambudzika kwangu,
uye mapfupa angu arukutika.
11 Nokuda kwavavengi vangu,
ndava chinhu chinovengwa navavakidzani vangu;
ndava chinhu chinotyisa kushamwari dzangu;
vanondiona munzira dzomumisha vanonditiza.
12 Ndakanganwikwa navo sendakafa;
ndafanana nehari yakaputsika,
13 nokuti ndinonzwa guhwa ravazhinji;
kumativi ose kune zvinotyisa;
vanorangana pamusoro pangu
uye vanoronga kundiuraya.

14 Asi ndinovimba nemi, imi Jehovha;
ndinoti, "Ndimi Mwari wangu."
15 Nguva dzangu dziri mumaoko enyu;
ndirwirei kuvavengi vangu
nokuna avo vanonditeverera.
16 Chiso chenyu ngachipenye pamusoro pomuranda wenyu;
ndiponesei norudo rwenyu rusingaperi.
17 Haiwa Jehovha, itai kuti ndisanyadziswa,
nokuti ndakadana kwamuri;
asi vakaipa ngavanyadziswe
uye vavate vakati mwiro muguva.
18 Miromo yavo inoreva nhema ngainyaradzwe,
nokuti vanotaura namanyawi
nokuzvikudza pamusoro pavakarurama.

19 Haiwa, kunaka kwenyu kukuru sei,
kwamakachengetera vaya vanokutyai,
kwamunoisa pamberi pavanhu,
pamusoro paivo vanovanda mamuri.
20 Mukudzivirira kwokuvapo kwenyu munovavanza
kubva parangano dzavanhu;
munovachengeta zvakanaka pamunogara
kubva pandimi dzinopomera.

21 Jehovha ngaarumbidzwe,
nokuti akaratidza rudo rwake runoshamisa
kwandiri pandakanga ndiri muguta rakakombwa.
22 Mukuvhunduka kwangu, ndakati,
"Ndabviswa pamberi penyu!"
Asi makanzwa kuchemera nyasha kwangu
pandakadanidzira kwamuri ndichida rubatsiro.

23 Idai Jehovha, imi vatsvene mose!
Jehovha anochengetedza vakatendeka,
asi anotsiva zvizere vanozvikudza.

24 Simbai uye mutsunge mwoyo,
imi mose munorindira Jehovha.

# Pisarema 32

Pisarema raDhavhidhi neMasikiri.
1 Akaropafadzwa uyo
akakanganwirwa kudarika kwake,
akafukidzirwa zvivi zvake.
2 Akaropafadzwa munhu
asingaverengerwi zvivi zvake naJehovha,
uye asina kunyengera mumwoyo make.

3 Pandakanyarara,
mapfupa angu akarukutika nokuda
kwokugomera kwangu zuva rose.
4 Nokuti masikati nousiku
ruoko rwenyu rwakanga ruchirema pamusoro pangu;
simba rangu rakasvetwa
sezvinoita kupisa kwechirimo.
Sera

5 Ipapo ndakazivisa chivi changu kwamuri
uye handina kuvanza chakaipa changu.
Ndakati, "Ndichareurura kudarika kwangu kuna Jehovha,"
uye makandiregerera mhosva yechivi changu.
Sera

6 Naizvozvo vose vanoda Mwari ngavanyengetere kwamuri
muchiri kuwanikwa;
zvirokwazvo mvura zhinji ine simba painokwira,
haingasviki kwavari.
7 Ndimi nzvimbo yangu yokuvanda;
muchandidzivirira panhamo
uye muchandipoteredza nenziyo dzorusunungukQ.
Sera

8 Ndichakurairidza uye ndichakudzidzisa nzira yaunofanira kufamba nayo;
ndichakupa zano uye ndichakurinda.
9 Rega kuva sebhiza kana senyurusi,
zvisinganzwisisi asi zvinofanira kupingudzwa
nomukaro kana namatomu,
kana kuti hazvingauyi kwauri.
10 Wakaipa ana matambudziko mazhinji,
asi rudo rusingaperi rwaJehovha
runopoteredza munhu anovimba naye.

11 Farai muna Jehovha uye mufarisise, imi vakarurama;
imbai, imi mose makarurama pamwoyo!

# Pisarema 33

1 Imbirai Jehovha, mufarisise, imi vakarurama;
zvakanaka kuti vakarurama vamurumbidze.

2 Rumbidzai Jehovha nembira;
muimbirei nziyo nomutengeranwa une hungiso gumi.
3 Muimbirei rwiyo rutsva;
muridze zvakanaka, mugopururudza nomufaro.

4 Nokuti shoko raJehovha rakarurama uye nderechokwadi;
iye akatendeka pane zvose zvaanoita.
5 Jehovha anoda kururama nokururamisira;
nyika izere norudo rwake rusingaperi.

6 Kudenga denga kwakaitwa neshoko raJehovha,
hondo dzenyeredzi dzaikoko, nokufema kwomuromo wake.
7 Anounganidza mvura zhinji yegungwa muzvirongo;
anoisa kwakadzika mumatura.
8 Nyika yose ngaitye Jehovha;
marudzi ose enyika ngaamuremekedze.
9 Nokuti iye akataura, zvikaitika;
akarayira, zvikamira zvakasimba.

10 Jehovha anokonesa urongwa hwendudzi;
anopinganidza mifungo yendudzi.
11 Asi urongwa hwaJehovha hunomira hwakasimba nokusingaperi,
nendangariro dzomwoyo wake kusvikira kuzvizvarwa zvose.

12 Rwakaropafadzwa rudzi rwakaita Jehovha Mwari warwo,
vanhu vaakasarudza kuti vave nhaka yake.
13 Jehovha anotarira pasi ari kudenga
uye anoona marudzi ose avanhu;
14 ari pachigaro chake anotarira
vose vagere panyika,
15 iye anoumba mwoyo yavanhu vose,
anofungisisa zvose zvavanoita.

16 Hapana mambo anoponeswa nokukura kwehondo yake;
hapana murwi anopunyuka nokuda kwesimba rake guru.
17 Bhiza itariro isina maturo pakurwirwa;
harigoni kuponesa kunyange rine simba guru.
18 Asi meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomutya,
napamusoro paavo vakaisa tariro yavo murudo rwake rusingaperi,
19 kuti avarwire parufu
nokuvararamisa panzara.

20 Tinomirira Jehovha netariro;
ndiye mubatsiri wedu nenhoo yedu.
21 Mwoyo yedu inofara maari,
nokuti tinovimba nezita rake dzvene.
22 Rudo rwenyu rusingaperi ngarugare pamusoro pedu, imi Jehovha,
kunyange sezvatakaisa tariro yedu mamuri.

# Pisarema 34

Pisarema raDhavhidhi. Paakaita seanopenga pamberi paAbhimereki; uyo akamudzinga, iye akaenda hake.

1 Ndinorumbidza Jehovha nguva dzose;
kurumbidzwa kwake kucharamba kuri pamiromo yangu.
2 Mwoyo wangu uchazvirumbidza muna Jehovha;
vanotambudzika ngavanzwe vafare.
3 Kudzai Jehovha pamwe chete neni;
ngatikudzei zita rake pamwe chete.

4 Ndakachema kuna Jehovha akandipindura;
akandisunungura pakutya kwangu kwose.
5 Vanotarira kwaari vanopenya;
zviso zvavo hazvingambofukidzwi nenyadzi.
6 Murombo uyu akadana, uye Jehovha akamunzwa;
akamuponesa pakutambudzika kwake kwose.
7 Mutumwa waJehovha anokomberedza avo vanomutya,
uye anovasunungura.

8 Ravirai henyu muone kuti Jehovha akanaka;
akaropafadzwa munhu anovanda maari.
9 Ityai Jehovha, imi vatsvene vake,
nokuti vanomutya havana chavanoshayiwa.
10 Shumba dzinopera simba uye dzinofa nenzara,
asi avo vanotsvaka Jehovha havashayiwi chinhu chakanaka.

11 Uyai, vana vangu, nditeererei;
ndichakudzidzisai kutya Jehovha.
12 Ani naani wenyu anoda upenyu,
uye uchida kuona mazuva akawanda,
13 dzora rurimi rwako pane zvakaipa
nemiromo yako pakureva nhema.
14 Ibva pane zvakaipa ugoita zvakanaka;
tsvaka rugare uye urutevere.

15 Meso aJehovha ari pamusoro pavakarurama
uye nzeve dzake dzinonzwa kuchema kwavo;
16 chiso chaJehovha chinovenga avo vanoita zvakaipa,
kuti abvise chiyeuchidzo chavo panyika.

17 Vakarurama vanodanidzira, uye Jehovha anovanzwa;
anovarwira pakutambudzika kwavo kwose.
18 Jehovha ari pedyo navane mwoyo yakaputsika
uye anoponesa avo vakapwanyika pamweya.

19 Akarurama angava namatambudziko mazhinji,
asi Jehovha anomurwira paari ose;
20 anochengetedza mapfupa ake ose,
hakuna nerimwe rawo richavhunika.

21 Zvakaipa zvichauraya vakaipa;

vavengi vavakarurama vachapiwa mhosva.
22 Jehovha anodzikinura varanda vake;
hapana kana mumwe anovanda maari achapiwa mhosva.

# Pisarema 35

Pisarema raDhavhidhi.
1 Haiwa Jehovha, kakavadzanai navanokakavadzana neni;
rwisai avo vanondirwisa.
2 Torai nhoo huru neduku;
simukai, uye uyai mundibatsire.
3 Vheyesai pfumo guru nepfumo diki
murwise avo vanonditevera.
Muti kumweya wangu,
"Ndini ruponeso rwako."

4 Vanotsvaka kundiuraya
ngavazvidzwe uye vanyadziswe;
vanorangana kuparadzwa kwangu
ngavadzoserwe shure vachitya.
5 Ngavaite sehundi pamberi pemhepo,
mutumwa waJehovha achivasundira kure;
6 nzira yavo ngaisvibe uye itsvedze,
mutumwa waJehovha achivateverera.

7 Sezvo vakandivanzira mimbure yavo ndisina mhosva,
uye vakandicherera gomba ndisina mhosva,
8 kuparadzwa ngakuvawire pakarepo,
mumbure wavakavanza ngauvapinge ivo,
ngavawire mugomba ravo vaparare.
9 Ipapo mweya wangu uchafara muna Jehovha,
uye uchafarira ruponeso rwake.
10 Zvandiri zvose zvichadanidzira zvichiti:
"Ndianiko akaita semi, Jehovha?
Mununura varombo kubva
kuna avo vane simba kupinda ravo."

11 Zvapupu zvino utsinye zvinouya mberi;
zvinondibvunza pamusoro pezvinhu zvandisingazivi.
12 Vanotsiva zvakanaka zvangu nezvakaipa,
uye vanosiya mweya wangu uchidzungaira.
13 Asi pavairwara, ndakafuka nguo dzamasaga
ndikazvininipisa nokutsanya.
Munyengetero wangu pawakadzokera kwandiri usina mhinduro,
14 ndakafamba-famba ndichichema
kunge ndinochemera shamwari yangu kana hama yangu.
Ndakakotamisa musoro wangu ndichichema,
sokunge ndinochema mai vangu.
15 Asi pandakagumburwa, vakaungana vachifara;
varwi vakaungana kuzondirwisa ndisingazivi.
Vakandireva vasingaregi.
16 Savanhu vasina Mwari vakandiseka muruvengo rwavo;
vakandirumanyira meno avo.

17 Haiwa Jehovha, muchasvika riniko makangotarira?
Nunurai upenyu hwangu kubva pakuparadza kwavo,
noupenyu hwangu hunokosha kubva pashumba idzi.
18 Ndichakuvongai paungano huru;
ndichakurumbidzai pakati pavanhu vazhinji.

19 Ngavaregege kufara pamusoro pangu
avo vanondivenga ndisina mhosva;
vanondivenga ndisina mhosva
ngavaregege kuchonyerana meso avo mukundivenga.
20 Havatauri norugare,
asi vanofunga kupomera mhosva
pamusoro pavanogara norunyararo munyika.
21 Vanondishamira miromo yavo vachiti,
"Hekani waro! Hekani waro! Tazviona nameso edu."

22 Haiwa Jehovha, mazviona izvi; regai kunyarara.
Regai kuva kure neni, imi Ishe.
23 Mukai uye simukai mundirwire!
Ndirwirei, Mwari wangu naIshe wangu.
24 Ndiruramisirei mukururama kwenyu, imi Jehovha Mwari wangu;
musarega vachifara pamusoro pangu.
25 Musarega vachifunga mumwoyo mavo vachiti, "Hekani waro,
ndizvo zvatanga tichida!" kana kuti vati, "Tamumedza chose."

26 Vose vanofarira kutambudzika kwangu
ngavanyadziswe uye vanyonganiswe;
vose vanozvisimudzira pamusoro pangu
ngavafukidzwe nenyadzi nokuzvidzwa.
27 Vose vanofarira kururamisirwa kwangu
ngavapembere nomufaro nokufarisisa;
ngavarambe vachiti, "Jehovha ngaakudzwe,
iye anofarira kugara zvakanaka kwavaranda vake."

28 Rurimi rwangu ruchataura zvokururama kwenyu,
uye nezvokurumbidzwa kwenyu zuva rose.

# Pisarema 36

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi muranda waJehovha.
1 Shoko riri mumwoyo mangu
pamusoro pokutadza kweakaipa rinoti:
Hakuna kutya Mwari
pamberi pake.

2 Pamaonero ake anozvirumbidza, nokuti anozvibata kumeso kwazvo
pakuona kwake,
zvokuti anotadza kuona kana kuvenga chivi chake.
3 Mashoko omuromo wake akaipa uye anonyengera;
haachisiri munhu akachenjera kana anoita zvakanaka.
4 Kunyange panhoo yake anofunga zvakaipa;
anozvifambisa panzira yezvakaipa

uye haarambi chakaipa.

5 Rudo rwenyu, imi Jehovha, runosvika kudenga denga,
kutendeka kwenyu kunosvika kumakore.
6 Kururama kwenyu kwakaita segomo guru guru,
kururamisira kwenyu sepakadzika dzika.
Haiwa Jehovha, imi munochengetedza zvose munhu nemhuka.
7 Haiwa rudo rwenyu rusingatongoperi runokosha sei!
Vose vakuru navaduku pakati pavanhu
vanovanda mumumvuri wamapapiro enyu.
8 Vanogutswa nezvakawanda zvomumba menyu;
munovanwisa kubva parwizi rwenyu runofadza.
9 Nokuti kwamuri ndiko kune chitubu choupenyu;
muchiedza chenyu tinoona chiedza.

10 Rambai muchiitira rudo kuna avo vanokuzivai,
uye kururama kwenyu kuna vane mwoyo yakarurama.
11 Rutsoka rwounozvikudza ngarurege kusvika kwandiri,
kunyange ruoko rweakaipa ngarurege kundidzingira kure.
12 Tarirai vaiti vezvakaipa kuti vawa sei,
vakandwa pasi, havagoni kumuka.

# Pisarema 37

Pisarema raDhavhidhi.
1 Usava neshungu nokuda kwavanhu vakaipa,
uye usaitira godo avo vanoita zvakaipa;
2 nokuti souswa vachaoma nokukurumidza,
somuriwo wakasvibira vachakurumidza kuoma.

3 Vimba naJehovha uite zvakanaka;
gara panyika ufarikane pamafuro manyoro.
4 Farikana muna Jehovha,
uye iye achakupa zvinodikanwa nomwoyo wako.

5 Isa nzira yako kuna Jehovha;
uvimbe naye uye iye achaita izvi;
6 achaita kuti kururama kwako kupenye samambakwedza,
nokururamisirwa kwako sezuva ramasikati.

7 Nyarara pamberi paJehovha, umurindire unyerere;
usava neshungu kana vanhu vachibudirira panzira dzavo,
pavanoita mano avo akaipa avakaronga.

8 Rega kutsamwa, uzvidzore pahasha;
usava neshungu zvinokutungamirira mune zvakaipa.
9 Nokuti vasakarurama vachagurwa,
asi avo vanomirira Jehovha vachagara nhaka yenyika.

10 Chinguva chiduku duku, vakaipa havachazovapozve;
kunyange ukavatsvaka, havazowanikwi.
11 Asi vanyoro vachagara nhaka yenyika,
uye vachafarikana norugare rukuru.

12 Vakaipa vanofungira vakarurama mano akaipa,
uye vanovarumanyira meno avo.
13 Asi Ishe anoseka vakaipa
nokuti anoziva kuti zuva ravo riri kuuya.

14 Vakaipa vanovhomora munondo
uye vanowembura uta
kuti vawisire pasi varombo navanoshayiwa,
kuti vauraye avo vane nzira dzakarurama.
15 Asi minondo yavo ichabaya mwoyo yavo pachavo,
uye uta hwavo huchavhunika.

16 Zvishoma zvowakarurama zviri nani
kupinda pfuma yavakaipa vazhinji;
17 nokuti simba ravakaipa richavhuniwa,
asi Jehovha anotsigira vakarurama.

18 Mazuva avakarurama anozivikanwa naJehovha,
uye nhaka yavo ichagara nokusingaperi.
19 Panguva yamatambudziko, havanganyadziswi;
mumazuva enzara ivo vachava nezvakawanda.

20 Asi vakaipa vachaparara:
vavengi vaJehovha vachafanana norunako rweminda,
vachanyangarika soutsi.

21 Vakaipa vanokwereta uye havadzori,
asi vakarurama vanopa zvakawanda;
22 avo vanoropafadzwa naJehovha vachagara nhaka yenyika,
asi avo vaanotuka vachaparadzwa.

23 Kana Jehovha achifarira nzira yomunhu,
anosimbisa mafambiro ake;
24 kunyange akagumburwa, haangawi,
nokuti Jehovha anomutsigira noruoko rwake.

25 Ndakanga ndiri muduku uye zvino ndakwegura,
asi handina kumboona vakarurama vachiraswa,
kana vana vavo vachipemha chingwa.
26 Vanogara vachingopa vamwe, uye vachikweretesa pasina muripo;
vana vavo vacharopafadzwa.

27 Dzoka pane zvakaipa ugoita zvakanaka;
ipapo uchagara panyika nokusingaperi.
28 Nokuti Jehovha anoda vanoruramisira
uye haangazosiyi vanhu vake vakatendeka.

Vachadzivirirwa nokusingaperi;
asi vana vowakaipa vachaparadzwa;
29 vakarurama vachagara nhaka yenyika
uye vachagara mairi nokusingaperi.

30 Muromo womunhu akarurama unotaura uchenjeri,
uye rurimi rwake runotaura kururamisira.
31 Murayiro waMwari wake uri pamwoyo wake;
tsoka dzake hadzitedzemuki.

32 Vakaipa vanovandira vakarurama,
vachitsvaka upenyu hwavo chaihwo;
33 asi Jehovha haangavasiyi vari musimba ravo,
kana kuvarega vachipomerwa kana vamira pakutongwa.

34 Rindira Jehovha,
uye uchengete nzira yake.
Achakusimudzira kuti ugare nhaka yenyika;
kana vakaipa voparadzwa, iwe uchazviona.

35 Ndakaona munhu akaipa uye ano utsinye
achibudirira somuti wakasvibira pavhu romunyika yawo,
36 asi nokukurumidza akapfuura uye akasazovapozve;
kunyange ndakamutsvaka, haana kuzowanikwa.

37 Cherechedza asina mhosva, ongorora akarurama;
ane ramangwana rakanaka munhu worugare.
38 Asi vatadzi vose vachaparadzwa;
ramangwana rowakaipa richagurwa.

39 Ruponeso rwavakarurama runobva kuna Jehovha;
ndiye nhare yavo panguva yamatambudziko.
40 Jehovha anovabatsira uye anovanunura;
anovanunura kubva kuna vakaipa uye anovaponesa,
nokuti vanovanda maari.

# Pisarema 38

Pisarema raDhavhidhi. Chikumbiro.
1 Haiwa Jehovha, musandirayira mukutsamwa kwenyu kana
kundiranga muhasha dzenyu.
2 Nokuti miseve yenyu yandibaya,
uye ruoko rwenyu rwawira pamusoro pangu.
3 Mumuviri mangu hamuchina utano nokuda kwehasha dzenyu;
mapfupa angu apera simba nokuda kwechivi changu.
4 Mhosva yangu yandiremera
somutoro unorema kwazvo kuutakura.

5 Maronda angu aora uye anosemesa
nokuda kwoupenzi hwokutadza kwangu.
6 Ndakotamiswa uye ndaderedzwa kwazvo;
ndinofamba ndichichema zuva rose.
7 Musana wangu wazara nokupisa kunorwadza;
muviri wangu hauchina utano.
8 Ndarukutika uye ndapwanyika chose;
ndiri kugomera nokurwadza kwomwoyo.

9 Haiwa Ishe, zvose zvandinoshuva zviri pachena pamberi penyu,

kugomera kwangu hakuna kuvanzika kwamuri.
10 Hana yangu inorova, simba rangu rapera;
kunyange nechiedza chabva pameso angu.
11 Shamwari dzangu navafambidzani vondinzvenga nokuda kwamaronda angu;
vavakidzani vangu vanogara kure neni.
12 Avo vanotsvaka kundiuraya vanonditeya nemisungo yavo,
avo vanoda kundikuvadza vanotaura nezvokuparadzwa kwangu;
zuva rose vanorangana zvounyengeri.

13 Ini ndafanana nematsi, isinganzwi,
sembeveve, isingagoni kushamisa muromo wayo;
14 ndava somunhu asinganzwi,
ano muromo usingapinduri.
15 Haiwa Jehovha, ndakakumirirai;
muchapindura, imi Ishe Mwari wangu.
16 Nokuti ndakati, "Musavarega vachifarira kutambudzika kwangu
kana kuzvisimudzira pamusoro pangu, rutsoka rwangu parunotedzemuka."

17 Nokuti ndava pedyo nokuwa,
uye kurwadziwa kwangu kunogara neni.
18 Ndinoreurura chivi changu;
chivi changu chinonditambudza.
19 Vavengi vangu vane simba vazhinji;
vanondivenga ndisina mhosva vakawanda.
20 Ivavo vanotsiva zvakanaka zvangu nezvakaipa,
vanondireva pandinotevera zvakanaka.

21 Haiwa Jehovha, regai kundisiya;
regai kuva kure neni, imi Mwari wangu.
22 Haiwa Ishe Muponesi wangu,
kurumidzai kuuya kuzondibatsira.

# Pisarema 39

Kumutungamiri wokuimba. Kuna Jedhutuni. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndakati, "Ndichangwarira nzira dzangu
nokuchengeta rurimi rwangu pachivi;
ndichaisa matomu pamuromo wangu
kana vakaipa vari pamberi pangu."
2 Asi pandakanga ndinyerere uye ndakadzikama,
ndisingatauri kana chakanaka zvacho,
kurwadziwa kwangu kwakawedzerwa.
3 Mwoyo wangu wakapisa mukati mangu,
uye pandakafungisisa, moto ukapisa;
ipapo ndakataura norurimi rwangu ndikati:

4 "Ndiratidzei, imi Jehovha, magumo oupenyu hwangu
nokuwanda kwamazuva angu;
ndizivisei kupfuura kwoupenyu hwangu.
5 Makaita mazuva angu soupamhi hwechanza changu;

kuwanda kwamakore angu kwakaita sechinhu chisipo pamberi penyu.
Upenyu hwomunhu mumwe nomumwe mweya bedzi.
6 Munhu anongori mumvuri zvaanofamba-famba hake:
anofamba nomufaro mukuru, asi zvinongova pasina;
anounganidza pfuma, asingazivi achazoitora.

7 "Asi zvino, Ishe, ndakamirireiko?
Tariro yangu iri mamuri.
8 Ndiponesei pakudarika kwangu kwose;
regai kundiita chiseko chamapenzi.
9 Ndakanga ndinyerere; handina kushamisa muromo wangu,
nokuti ndimi makaita izvi.
10 Bvisai shamhu yenyu kwandiri;
ndakundwa nokurova kworuoko rwenyu.
11 Munorayira uye munoranga vanhu nokuda kwezvivi zvavo,
munoparadza pfuma yavo sechipfukuto,
munhu mumwe nomumwe mweya zvawo.
Sera

12 "Inzwai munyengetero wangu, imi Jehovha,
rerekerai nzeve yenyu pandinochemera rubatsiro;
regai kuva matsi pakuchema kwangu.
Nokuti ndigere nemi somutorwa,
somweni, sezvakanga zvakaita madzibaba angu ose.
13 Ringirai kure neni, kuti ndimbofarazve
ndisati ndabva uye ndisisipo."

# Pisarema 40

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndakamirira Jehovha nomwoyo murefu;
iye akatendeukira kwandiri akanzwa kuchema kwangu.
2 Akandibudisa mugomba rakadzika,
kunze kwamatope netsvina;
akamisa tsoka dzangu padombo
akandipa nzvimbo yakasimba kuti ndimirepo.
3 Akaisa rwiyo rutsva mumuromo mangu,
rwiyo rwokurumbidza Mwari wedu.
Vazhinji vachaona, uye vachatya
uye vachaisa ruvimbo rwavo muna Jehovha.

4 Akaropafadzwa munhu
akaita Jehovha ruvimbo rwake,
asingatariri kuna vanozvikudza,
kuna avo vanotsaukira kuna vamwari venhema.
5 Haiwa Jehovha, Mwari wangu,
zvizhinji zvishamiso zvamakaita.
Zvinhu zvamakatitongera hakuna
angazvirondedzera kwamuri;
dai ndingataura nokureva pamusoro pazvo,
zvaizowandisa kuzvizivisa.

6 Hamuna kufarira zvibayiro nezvipo,
asi nzeve dzangu makadziboora;
zvibayiro zvinopiswa nezvipiriso
zvezvivi hamuna kuzvireva.
7 Ipapo ndakati, "Ndiri pano hangu,
ndauya, zvakanyorwa mubhuku pamusoro pangu.
8 Ndinofarira kuita kuda kwenyu, imi Mwari wangu;
murayiro wenyu uri mukati momwoyo wangu."

9 Ndinoparidza kururama paungano huru;
handidziviri miromo yangu,
sokuziva kwenyu, imi Jehovha.
10 Handivanzi kururama kwenyu mumwoyo mangu;
ndinotaura nezvokutendeka kwenyu noruponeso rwenyu.
Handivanzi rudo rwenyu nechokwadi chenyu
paungano huru.

11 Regai kundinyima ngoni dzenyu, imi Jehovha;
rudo rwenyu nechokwadi chenyu ngazvindidzivirire nguva dzose.
12 Nokuti matambudziko asingaverengeki akandikomberedza;
zvivi zvangu zvakandibata, uye handigoni kuona.
Zvakawanda kupfuura bvudzi romumusoro mangu,
uye mwoyo wangu waneta mukati mangu.

13 Haiwa Jehovha, kundiponesa ngakukufadzei;
haiwa Jehovha, kurumidzai kundibatsira.
14 Vose vanotsvaka kutora upenyu hwangu
ngavanyadziswe uye vanyonganiswe;
vose vanoda kuparadzwa kwangu
ngavadzoserwe shure vanyadziswe.
15 Avo vose vanoti kwandiri, "Hekani waro! Hekani waro!"
ngavavhundutswe nokuda kwenyadzi dzavo.
16 Asi vose vanokutsvakai
ngavafare uye vafarisise mamuri;
avo vanoda ruponeso rwenyu ngavarambe vachiti,
"Jehovha ngaakudzwe!"

17 Asi ndiri murombo nomushayiwi;
dai Ishe vandifungawo.
Ndimi mubatsiri wangu nomununuri wangu;
haiwa Mwari wangu, musanonoka henyu.

# Pisarema 41

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Akaropafadzwa uyo ane hanya navasina simba;
Jehovha anomurwira panguva dzokutambudzika.
2 Jehovha achamudzivirira uye achachengetedza upenyu hwake;
achamuropafadza panyika
uye haangamuisi kuchido chavavengi vake.
3 Jehovha achamuraramisa panhoo yake yourwere
uye achamuponesa panhoo yake yourwere.

4 Ini ndakati, “Haiwa Jehovha, ndinzwirei ngoni;
ndiporesei, nokuti ndakakutadzirai.”
5 Vavengi vangu vachindigodora vanoti,
“Achafa riniko uye zita rake rigoparara?”
6 Kana mumwe achiuya kuzondiona,
anotaura zvenhema, mwoyo uchiunganidza makuhwa;
ipapo anobuda ondozviparadzira kumwe.

7 Vavengi vangu vose vanoita zevezeve pamwe chete pamusoro pangu;
vanondifungira zvakaipisisa, vachiti,
8 “Chirwere chakaipa chakamubata,
haachambomukizve panzvimbo paakarara.”
9 Kunyange neshamwari yangu yapedyo yandaivimba nayo,
yandaigovana zvokudya nayo,
yandisimudzira chitsitsinho chayo.

10 Asi imi, iyemi Jehovha, mune tsitsi neni,
ndisimudzei, kuti ndivatsive.
11 Ndinoziva kuti munofadzwa neni,
nokuti muvengi wangu haandikundi.
12 Mununditsigira pakutendeka kwangu,
uye munondiisa pamberi penyu nokusingaperi.

13 Kurumbidzwa ngakuve kuna Jehovha, Mwari waIsraeri,
kubva pakusingaperi kusvikira nokusingaperi.
Ameni naAmeni.

## BHUKU 2

# 42

*Mapisarema 42–72*

Kumutungamiri wokuimba. Rwiyo rweMasikiri rwaVanakomana vaKora.

1 Senondo inodokwairira hova dzemvura,
saizvozvo mweya wangu unodokwairirai, imi Mwari.
2 Mweya wangu une nyota kuna Mwari, nyota yaMwari mupenyu.
Ndingaenda riniko kundosangana naMwari?
3 Misodzi yangu yanga iri zvokudya zvangu
masikati nousiku,
asi zuva rose vanhu vanoti kwandiri,
“Mwari wako aripiko?”
4 Ndinorangarira zvinhu izvi
pandinodurura mweya wangu,
mafambiro andaiita navazhinji
ndichitungamirira mudungwe wavanhu kuimba yaMwari,
nokupembera nomufaro uye nokuvonga
pakati pavazhinji pamutambo.

5 Wakasuwireiko, nhai mweya wangu?
Unotambudzwa neiko mukati mangu?
Isa tariro yako muna Mwari,
nokuti ndichamurumbidzazve,
Muponesi wangu naMwari wangu.

6 Mweya wangu wakaneta mukati mangu;
naizvozvo ndichakurangarirai
ndiri kunyika yeJorodhani,
pamatunhu akakwirira eHeremoni, kubva paGomo reMizari.
7 Pakadzika panodana pakadzika
mukutinhira kwamapopopo emvura;
mafungu enyu ose namafashamu
akapfuura napamusoro pangu.

8 Masikati, Jehovha anorayira rudo rwake,
pausiku rwiyo rwake runeni,
munyengetero kuna Mwari woupenyu hwangu.

9 Ndinoti kuna Mwari Dombo rangu,
"Mandikanganwireiko?
Ndinofambireiko ndichichema
ndakadzvinyiririrwa nomuvengi?"
10 Mapfupa angu atambura nokurwadza kworufu,
sezvo vavengi vangu vachindizvidza
zuva rose vachiti kwandiri,
"Mwari wako aripiko?"

11 Wakasuwireiko, nhai mweya wangu?
Unotambudzwa neiko mukati mangu?
Isa tariro yako muna Mwari,
nokuti ndichamurumbidzazve.
Muponesi wangu naMwari wangu.

# Pisarema 43

1 Ndiruramisirei, imi Mwari,
uye mundireverere mhaka yangu parudzi rusina Mwari;
ndinunurei pavanhu vanonyengera nevakaipa.
2 Ndimi Mwari nhare yangu.
Mandirambireiko?
Ndinofambireiko pose ndichichema
ndichidzvinyiririrwa navavengi?
3 Tumirai chiedza chenyu nechokwadi chenyu,
ngazvinditungamirire;
ngazvindisvitse kugomo renyu dzvene,
kunzvimbo yamunogara.
4 Ipapo ndichaenda kuaritari yaMwari,
kuna Mwari, iye mufaro wangu nomudikani wangu.
Ndichakurumbidzai nembira,
imi Mwari, Mwari wangu.

5 Wakasuwireiko, nhai mweya wangu?
Unotambudzwa neiko mukati mangu?
Isa tariro yako muna Mwari,
nokuti ndichamurumbidzazve,
Muponesi wangu naMwari wangu.

# Pisarema 44

Kumutungamiri wokuimba waVanakomana vaKora. Masikiri.

1 Haiwa Mwari, takanzwa nenzeve dzedu;
madzibaba edu akatiudza
zvamakaita pamazuva avo,
pamazuva ekare.
2 Noruoko rwenyu makadzinga ndudzi
uye mukasima madzibaba edu;
makapwanya marudzi
mukaita kuti madzibaba edu abudirire.
3 Havana kuzviwanira nyika nomunondo wavo,
uye ruoko rwavo haruna kuvakundisa;
rwakanga rwuri ruoko rwenyu rworudyi, irwo ruoko rwenyu,
nokupenya kwechiso chenyu, nokuti imi makavada.

4 Ndimi Mambo wangu naMwari wangu,
anorayira kukunda kwaJakobho.
5 Kubudikidza nemi, tinosunda vavengi vedu shure;
kubudikidza nezita renyu, tinotsika vavengi vedu netsoka dzedu.
6 Handivimbi nouta hwangu,
munondo wangu haundivigiri kukunda;
7 asi imi munotipa kukunda pamusoro pavavengi vedu,
munonyadzisa vadzivisi vedu.
8 Tinozvirumbidza muna Mwari zuva rose,
uye ticharumbidza zita renyu nokusingaperi.

Sera

9 Asi zvino matiramba uye matininipisa;
hamuchabudi nehondo dzedu.
10 Makaita kuti tidududze pamberi pavavengi vedu,
uye vadzivisi vedu vakatipamba.
11 Makatiramwira kumudyi samakwai
uye makatiparadzira pakati pendudzi.
12 Makatengesa vanhu venyu pasina,
hamuna kuwana kana chinhu pakuvatengesa.

13 Makatiita chiseko kuvavakidzani vedu,
chinozvidzwa nechinosekwa chaavo vakatipoteredza.
14 Makatiita tsumo pakati pendudzi;
vanhu vanotidzungudzira misoro.
15 Kunyadziswa kwangu kuri pamberi pangu zuva rose,
uye chiso changu chafukidzwa nenyadzi
16 pakuseka kwaavo vanondizvidza nokundirwisa,
nokuda kwomuvengi, agarira kutsiva.

17 Zvose izvi zvakaitika kwatiri
kunyange takanga tisina kukukanganwai,
kana kuva vasina kutendeka kusungano yenyu.
18 Mwoyo yedu yakanga isati yafuratira;
tsoka dzedu dzakanga dzisati dzatsauka panzira yenyu.
19 Asi makatipwanya mukatiita nzvimbo yamakava
uye mukatifukidza nerima guru.

20 Dai takanga takanganwa zita raMwari wedu,
kana kutambanudzira maoko edu kuna mwari wavatorwa,
21 Mwari haaizviziva here,
sezvo achiziva zvakavanzika zvomwoyo?
22 Asi nokuda kwenyu takatarisana norufu zuva rose;
tinotorwa samakwai anobayiwa.

23 Mukai, imi Ishe! Munovatireiko?
Zvisimudzei! Regai kutiramba nokusingaperi.
24 Ko, munovanzirei chiso chenyu
muchikanganwa kutambudzika nokudzvinyiririrwa kwedu?

25 Takawisirwa muguruva;
miviri yedu inonamatira pavhu.
26 Simukai mutibatsire;
tidzikinurei nokuda kworudo rwenyu rusingaperi.

# Pisarema 45

Kumutungamiri wokuimba waVanakomana vaKora. Masikiri nomuimbirwo wa"Maruva aMahapa." Rwiyo rwoMuchato.

1 Mwoyo wangu unobvongodzwa nedingindira rakanaka,
pandinodetembera mambo ndima dzangu;
rurimi rwangu chinyoreso chomunyori anogona.

2 Imi makanakisisa pavanhu vose
uye miromo yenyu yakazadzwa nenyasha,
sezvo Mwari akakuropafadzai nokusingaperi.

3 Sungai munondo wenyu parutivi, imi wamasimba,
zvishongedzei nokubwinya noumambo.
4 Paumambo hwenyu kwirai mukunde kwazvo,
makamirira chokwadi, kuzvininipisa nokururama;
ruoko rwenyu rworudyi ngaruratidze mabasa enyu anotyisa.
5 Miseve yenyu inopinza ngaibaye mwoyo yavavengi vamambo;
ndudzi ngadziputsikire pasi petsoka dzenyu.
6 Chigaro chenyu, imi Mwari, chichagara nokusingaperi-peri;
tsvimbo yokururamisira ichava tsvimbo youmambo hwenyu.
7 Imi munoda kururama uye munovenga zvakaipa;
naizvozvo Mwari, Mwari wenyu, akakuisai pamusoro peshamwari dzenyu
nokukuzodzai namafuta omufaro.
8 Nguo dzenyu dzose dzinonhuwirira mura, arosi nekasia,
zvinobva kumizinda yamadzimambo yakashongedzwa nenyanga dzenzou,
kurira kwehungiso kunokufadzai.
9 Vanasikana vamadzimambo vari pakati pavakadzi vanokudzwa;
kuruoko rwenyu rworudyi kuno mwenga akashongedzwa negoridhe reOfiri.

10 Teerera, iwe mwanasikana, rangarira,
uye urereke nzeve yako: Kanganwa vanhu vako neimba yababa vako.
11 Mambo ayevedzwa norunako rwako;

mukudze, nokuti ndiye Ishe wako.
12 Mwanasikana weTire achauya nechipo,
vanhu vakapfuma vachatsvaka nyasha kwauri.

13 Mwanasikana wamambo akanaka kwazvo mukati meimba yake; nguo yake yakarukirirwa negoridhe.
14 Akapfeka nguo dzakashongedzwa achaperekedzwa kuna mambo;
shamwari dzake idzo mhandara dzinomutevera
uye vanouyiswa kwamuri.
15 Vanoperekedzwa vachapinda nomufaro nokufarisisa;
vanopinda mumuzinda wamambo.

16 Vanakomana venyu vachatsiva nzvimbo yamadzibaba enyu;
muchavaita machinda munyika yose.
17 Ndichaita kuti kurangarirwa kwenyu kurambe kuripo, kusvikira kuzvizvarwa zvose;
naizvozvo ndudzi dzichakurumbidzai nokusingaperi-peri.

# Pisarema 46

Kumutungamiri wokuimba waVanakomana vaKora. Namaimbirwo earamoti. Rwiyo.
1 Mwari ndiye utiziro hwedu nesimba redu,
ndiye mubatsiri anogara aripo panguva yokutambudzika.
2 Naizvozvo hatizotyi, kunyange nyika ikashanduka,
uye makomo akawira mukatikati megungwa,
3 kunyange mvura yaro ikatinhira uye ikapupuma furo,
uye makomo akadengenyeswa namafungu aro.
Sera

4 Pane rwizi rwuripo rune hova dzinofadza guta raMwari,
nzvimbo tsvene yeWokumusoro-soro.
5 Mwari ari mukati maro, haringawiri pasi;
Mwari acharibatsira panguva yemambakwedza.
6 Ndudzi dzinoita bope, umambo hunoondomoka;
anotaura nenzwi guru, nyika yonyongodeka.

7 Jehovha Wamasimba Ose anesu;
Mwari waJakobho ndiye nhare yedu.
Sera

8 Uyai muone mabasa aJehovha,
kuparadza kwaakaita panyika.
9 Anoita kuti hondo dzigume kusvikira kumagumo enyika;
anovhuna uta uye anovhuna-vhuna mapfumo,
anopisa nhoo nomoto.
10 “Mirai, muzive kuti ndini Mwari;
ndichakudzwa pakati pendudzi,
ndichasimudzirwa panyika.”

11 Jehovha Wamasimba Ose anesu;
Mwari waJakobho ndiye nhare yedu.
Sera

# Pisarema 47

Kumutungamiri wokuimba waVanakomana vaKora. Pisarema.

1 Uchirai maoko, imi vanhu vose;
pururudzai kuna Mwari nokudanidzira kwomufaro.

2 Jehovha Wokumusoro-soro anotyisa sei,
iye Mambo mukuru pamusoro penyika yose!
3 Akaisa ndudzi dzavanhu pasi pedu,
marudzi pasi petsoka dzedu.
4 Akatitsaurira nhaka yedu,
iyo pfuma yaJakobho, waakada.
Sera

5 Mwari akwidza kumusoro pakati pokudanidzira kwomufaro,
Jehovha pakati pokurira kwehwamanda.
6 Imbirai Mwari nziyo dzokurumbidza, murumbidzei nenziyo.
Imbirai Mambo wedu nziyo dzokurumbidza, murumbidzei nenziyo.

7 Nokuti Mwari ndiye Mambo wenyika yose;
muimbirei pisarema rokurumbidza.
8 Mwari anotonga pamusoro pendudzi dzose;
Mwari agere pamusoro pechigaro chake chitsvene.
9 Makurukota amarudzi aungana
savanhu vaMwari waAbhurahama,
nokuti madzimambo enyika ndeaMwari;
iye anokudzwa zvikuru kwazvo.

# Pisarema 48

Rwiyo. Pisarema raVanakomana vaKora.

1 Jehovha mukuru, uye anofanira kurumbidzwa kwazvo,
muguta raMwari wedu, mugomo rake dzvene.

2 Rakanaka pakukwirira kwaro, mufaro wenyika yose.
Sokumusoro-soro kweZafoni,
ndizvo zvakaita Gomo reZioni,
guta raMambo Mukuru.
3 Mwari ari munhare dzaro;
akazviratidza kwariri kuti ndiye nharirire yaro.

4 Madzimambo akati abatanidza mauto,
vakati vafamba pamwe chete kundorwa,
5 vakariona vakashamiswa;
vakatiza nokutya.
6 Vakabatwa nokudedera ipapo,
nokurwadziwa sekwomukadzi osununguka.
7 Makavaparadza sezvakaitwa zvikepe zveTashishi,
zvakaputswa-putswa nemhepo yokumabvazuva.

8 Sezvatakanzwa, ndizvo zvataona,
muguta raJehovha Wamasimba Ose,
muguta raMwari wedu:
Mwari anorisimbisa nokusingaperi.

Sera

9 Tiri mukati metemberi yenyu, imi Mwari,
tinofungisisa nezvorudo rwenyu rusingaperi.
10 Sezvakaita zita renyu, imi Mwari,
kurumbidzwa kwenyu kunosvika kumagumo enyika;
ruoko rwenyu rworudyi ruzere nokururama.
11 Gomo reZioni rinofarisisa,
misha yeJudha inofara
nokuda kwokutonga kwenyu.

12 Famba-fambai muZioni, ripoteredzei,
verengai shongwe dzaro,
13 fungisisai zvakanaka nezvamasvingo aro,
cherechedzai nhare dzaro,
kuti mugotaura nezvazvo kuchizvarwa chinotevera.

14 Nokuti Mwari uyu ndiye Mwari wedu nokusingaperi-peri;
iye achava muperekedzi wedu kusvikira kumagumo.

# Pisarema 49

Kumutungamiri wokuimba, waVanakomana vaKora. Pisarema.

1 Inzwai izvi, imi vanhu mose;
teererai imi mose mugere panyika,
2 vapasi navapamusoro,
vapfumi navarombo pamwe chete.
3 Muromo wangu uchataura nouchenjeri;
kutaura kunobva pamwoyo wangu kuchapa kunzwisisa.
4 Ndicharerekera nzeve yangu kuchirahwe;
nembira ndichadudzira shoko rangu rakavanzika.

5 Ndinotyireiko kana mazuva akaipa achiuya,
kana vanyengeri vakaipa vandikomberedza,
6 vaya vanovimba nepfuma yavo
vanozvikudza nepfuma yavo zhinji?
7 Hakuna munhu angadzikinura upenyu hwomumwe
kana kupa Mwari rudzikinuro rwake,
8 rudzikinuro rwoupenyu runokosha,
hakuna muripo unoringana nahwo,
9 kuti ararame nokusingaperi
uye kuti asaona kuora.

10 Nokuti vose vanogona kuona kuti vanhu vakachenjera vanofa;
mapenzi navasina pfungwa zvimwe chetezvo vanofa,
uye vanosiyira vamwe pfuma yavo.
11 Marinda avo achagara ari dzimba dzavo nokusingaperi,
nougaro hwavo kusvikira kuzvizvarwa zvisingaperi,
kunyange vakanga vakapa nyika mazita avo.

12 Asi munhu, kunyange ane pfuma yake, haagari;
akafanana nemhuka dzinofa.

13 Ndiwo magumo aivavo vanovimba nezvavanoita,
namagumo avateveri vavo, vanotenda zvavanotaura.
Sera
14 Samakwai vakatarirwa kuenda kuguva,
uye rufu ruchavadya.
Vakarurama vachavatonga mangwanani;
chimiro chavo chichaora murinda,
kure nedzimba dzavo dzoumambo.
15 Asi Mwari achadzikinura upenyu hwangu kubva muguva,
zvirokwazvo achanditora iye.
Sera

16 Usanyanya kutya kana munhu apfuma,
kana kubwinya kweimba yake kwawedzerwa;
17 nokuti haana chaachatora paanofa;
kubwinya kwake hakungaburukiri naye murinda.
18 Kunyange paairarama aizviti akaropafadzwa,
uye vanhu vachirumbidza munhu paanobudirira,
19 achabatana norudzi rwamadzibaba ake,
vasingazoonizve chiedza choupenyu.

20 Munhu ane pfuma zhinji asinganzwisisi
akaita semhuka dzinofa.

# Pisarema 50

Pisarema raAsafi.
1 Iye Wamasimba, Mwari, Jehovha,
anotaura uye anodana nyika
kubva pakubuda kwezuva kusvikira kwarinovirira.
2 Kubva kuZioni, rakakwana parunako,
Mwari anopenya.
3 Mwari wedu anouya uye haanganyarari;
moto unoparadza pamberi pake,
uye dutu rine hasha rakamupoteredza.
4 Anodana matenga kumusoro,
uye nenyika, kuti atonge vanhu vake achiti:
5 "Ndiunganidzirei vatsvene vangu,
vakaita sungano neni nechibayiro."
6 Uye matenga anoparidza kururama kwake,
nokuti Mwari amene ndiye mutongi.
Sera

7 "Inzwai, imi vanhu vangu, uye ndichataura,
imi Israeri, uye ndichapupura pamusoro penyu:
Ndini Mwari, Mwari wenyu.
8 Handikutukei nokuda kwezvibayiro zvenyu,
kana zvipiriso zvenyu zvinopiswa, zvinogara zviri pamberi pangu.
9 Handisi kuda hando inobva mudanga rako,
kana mbudzi inobva muzvirugu zvako,
10 nokuti mhuka dzose dzesango ndedzangu,
nemombe pamakomo chiuru.
11 Ndinoziva shiri dzose dziri mumakomo,

uye zvisikwa zvose zvesango ndezvangu.
12 Kana dai ndaiva nenzara, handaikuudza iwe,
nokuti nyika ndeyangu, nezvose zviri mairi.
13 Ko, ndinodya nyama yehando
kana kunwa ropa rembudzi here?

14 “Bayirai zvibayiro zvokuvonga kuna Mwari,
zadzisai zvamakapikira Wokumusoro-soro,
15 uye mudane kwandiri pazuva rokutambudzika;
ndichakurwirai, uye imi muchandikudza.”
16 Asi kuna vakaipa, Mwari anoti:
“Ko, une mvumo ipiko iwe yokuti ududzire mutemo wangu,
kana kuisa sungano yangu pamiromo yako?
17 Unovenga kurayira kwangu,
uye unorasira mashoko angu shure kwako.
18 Paunoona mbavha, unowadzana nayo;
unogoverana nemhombwe mugove wako.
19 Unoshandisa muromo wako kuita zvakaipa,
uye unorovedza rurimi rwako kukunyengera.
20 Unogara uchipomera hama yako
uye unoitira mwanakomana wamai vako makuhwa.
21 Zvinhu izvi wakazviita ini ndikaramba ndinyerere;
wakafunga kuti ndakafanana newe.
Asi ndichakutsiura
uye ndichaisa mhosva iyi pamberi pako.

22 “Fungai izvi, imi vanokanganwa Mwari,
kuti ndirege kukubvambura-bvamburai mukashaya angakununurai:
23 Munhu anobayira chibayiro chokuvonga ndiye anondikudza,
uye anogadzira nzira
kuitira kuti ndimuratidze ruponeso rwaMwari.”

# Pisarema 51

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Panguva yakauya muprofita Natani kwaari shure kwokuita upombwe kwaDhavhidhi naBhatishebha.
1 Ndinzwirei tsitsi, imi Mwari,
nokuda kworudo rwenyu rusingaperi;
dzimai kudarika kwangu
nokuda kwengoni dzenyu huru.
2 Shambidzai zvakaipa zvangu zvose
uye mundinatse kubva pachivi changu.

3 Nokuti ndinoziva kudarika kwangu,
uye chivi changu chinogara chiri pamberi pangu.
4 Ndakakutadzirai imi, iyemi moga
nokuita chinhu chakaipa pamberi penyu,
kuti munzi makarurama pamunotaura
uye musapomerwa mhosva pakutonga kwenyu.
5 Zvirokwazvo ndakanga ndiri mutadzi pandakaberekwa,
ndiri mutadzi kubva pandakaumbwa mudumbu ramai vangu.
6 Zvirokwazvo imi munoda chokwadi pakati pomwoyo;

munondidzidzisa uchenjeri panzvimbo yomukatikati.

7 Ndinatsei nehisopi, ipapo ndichachena;
ndishambidzei, ipapo ndichachena sechando.
8 Ndiitei kuti ndinzwe mufaro nokufarisisa;
itai kuti mapfupa amakapwanya afare.
9 Vanzai chiso chenyu pazvivi zvangu
uye mudzime zvakaipa zvangu zvose.

10 Sikai mukati mangu mwoyo wakachena, imi Mwari,
uye muvandudze mweya wakarurama mukati mangu.
11 Regai kundirasa pamberi penyu
kana kubvisa Mweya wenyu Mutsvene kwandiri.
12 Dzoreraizve kwandiri mufaro woruponeso rwenyu,
uye mundipe mweya unoda, kuti undiraramise.

13 Ipapo ndichadzidzisa vadariki nzira dzenyu,
uye vatadzi vachatendeukira kwamuri.
14 Ndiponesei pamhosva yeropa, imi Mwari,
iyemi Mwari anondiponesa,
ipapo rurimi rwangu ruchaimba zvokururama kwenyu.
15 Haiwa Ishe, zarurai miromo yangu,
ipapo muromo wangu uchaparidza rumbidzo yenyu.
16 Hamufariri chibayiro, ndingadai ndakuvigirai,
imi hamufariri zvipiriso zvinopiswa.
17 Zvibayiro zvaMwari mweya wakaputsika;
mwoyo wakaputsika nowakapwanyika,
imi Mwari hamuzoushori.

18 Pamufaro wenyu wakanaka, itai kuti Zioni ribudirire;
muvake masvingo eJerusarema.
19 Ipapo pachava nezvibayiro zvakarurama,
zvipiriso zvinopiswa zvakazara zvinokufadzai;
ipapo hando dzichabayirwa paaritari yenyu.

# Pisarema 52

Kumutungamiri wokuimba. Rwiyo rweMasikiri rwaDhavhidhi. Dhoegi muEdhomu paakanga aenda kuna Sauro akamuudza kuti: "Dhavhidhi aenda kumba kwaAhimereki."

1 Ko, unozvikudzirei pane zvakaipa, iwe murume wesimba?
Unozvikudzirei zuva rose,
iyewe unonyadzisa pamberi paMwari?
2 Rurimi rwako runofarira zvokuparadza;
rwakaita sechisvo chakarodzwa,
iyewe unogara uchingonyengera.
3 Unoda zvakaipa pachinzvimbo chezvakanaka,
kureva nhema pachinzvimbo chokutaura chokwadi.
Sera
4 Unoda shoko rimwe nerimwe rinoparadza,
iwe rurimi runonyengera!

5 Zvirokwazvo Mwari achakuburutsira kukuparadzwa kusingaperi:

Achakubvuta agokubvisa mutende rako;
achakudzura kubva munyika yavapenyu.
Sera

6 Vakarurama vachazviona uye vachatya;
vachamuseka vachiti,
7 "Houno zvino munhu asina kuita Mwari nhare yake,
asi aivimba nepfuma yake zhinji,
uye aisimba nokuparadza vamwe!"

8 Asi ini ndakaita somuti
womuorivhi unokura zvakanaka mumba maMwari;
ndinovimba norudo rusingaperi rwaMwari,
nokusingaperi-peri.
9 Ndichakurumbidzai, nokusingaperi nokuda kwezvamakaita;
ndichavimba nezita renyu, nokuti zita renyu rakanaka.
Ndichakurumbidzai pamberi pavatsvene venyu.

# Pisarema 53

Kumutungamiri wokuimba. Namaimbirwo eMaharati. Rwiyo rweMasikiri rwaDhavhidhi.

1 Benzi rinoti mumwoyo maro,
"Mwari hakuna."
Vakaora, uye nzira dzavo dzakaipa;
hakuna anoita zvakanaka.

2 Mwari anotarira ari kudenga,
pavanakomana vavanhu,
kuti aone kana aripo anonzwisisa,
kana aripo anotsvaka Mwari.
3 Mumwe nomumwe wavo akadzokera shure,
vakava vakaora pamwe chete;
hakuna anoita zvakanaka,
kunyange nomumwe.

4 Ko, vaiti vezvakaipa havangadzidzi here,
vaya vanodya vanhu vangu savanhu vanodya chingwa,
uye vasingadani kuna Mwari?
5 Havo, vakazadzwa nokutya,
ipo pasina chavangatya.
Mwari akaparadzira mapfupa avanhu vaikurwisa;
makavanyadzisa, nokuti Mwari akavazvidza.

6 Haiwa, dai ruponeso rwaIsraeri rwabuda kubva muZioni;
Mwari paachadzosera nhaka yavanhu vake;
Jakobho ngaafarisise uye Israeri ngaafarisise!

# Pisarema 54

Kumutungamiri wokuimba nemitengeranwa ine hungiso. Rwiyo rweMasikiri rwaDhavhidhi. VaZefati pavakaenda kuna Sauro kundoti, "Ko, Dhavhidhi haana kuvanda pakati pedu here?"

1 Ndiponesei, imi Mwari, nezita renyu;
ndiruramisirei nesimba renyu.

2 Inzwai munyengetero wangu, imi Mwari;
teererai kumashoko omuromo wangu.

3 Vatorwa vanondirwisa;
vanhu vane utsinye vanotsvaka upenyu hwangu,
vanhu vasingazivi Mwari.
Sera

4 Zvirokwazvo Mwari ndiye mubatsiri wangu;
ishe ndiye anonditsigira.

5 Zvakaipa ngazvimonere pane avo vanondireva;
muvaparadze pakutendeka kwenyu.

6 Ndichakubayirai chipiriso chokungopa;
ndicharumbidza zita renyu, imi Jehovha,
nokuti rakanaka.
7 Nokuti akandirwira pamatambudziko angu ose,
uye mukukunda, meso angu akatarisa vavengi vangu.

# Pisarema 55

Kumutungamiri wokuimba nemitengeranwa ine hungiso. Rwiyo rweMasikiri rwaDhavhidhi.
1 Rerekerai nzeve yenyu kumunyengetero wangu, imi Mwari;
regai kushaya hanya nokukumbira kwangu;
2 ndinzwei, uye ndipindureiwo.
Pfungwa dzangu dzinondinetsa uye ndiri kushushikana,
3 pandinonzwa inzwi romuvengi wangu,
pandinodzvokorwa navakaipa; nokuti vanodururira matambudziko pamusoro pangu,
uye vanondituka mukutsamwa kwavo.

4 Mwoyo wangu unorwadziwa mukati mangu;
kutyisa kworufu kunondiwira.
5 Kutya nokudedera zvakandibata;
kutya kukuru kwakandifukidza.
6 Ini ndakati, "Haiwa, dai ndina mapapiro enjiva!
Ndaibhururukira kure ndikandozorora hangu,
7 ndaitizira kure kwazvo,
ndikandogara mugwenga;
Sera
8 ndaikurumidza kundovanda panzvimbo yangu,
kure nemafungu nedutu."

9 Nyonganisai vakaipa, imi Ishe, kanganisai mutauro wavo,
nokuti ndinoona mhirizhonga nokurwa muguta.
10 Masikati nousiku vanopoterera masvingo aro chinyararire;
utsinye nokumanikidza zviri mukati maro.
11 Masimba okuparadza azere muguta;
kutyisidzira nenhema hazvibvi munzira dzaro.

12 Dai ndatukwa nomuvengi,

ndaigona kushinga hangu;
dai muvengi aindimukira,
ndaigona kumuvanda hangu.
13 Asi ndiwe, munhu akaita seni,
mumwe wangu, shamwari yangu yapedyo,
14 yandaimbofarira kuwadzana nayo
pataifamba navazhinji mumba maMwari.

15 Rufu ngaruwane vavengi vangu vasingafungiri;
ngavaburukire muguva vari vapenyu,
nokuti kuipa kwakawana pokugara pakati pavo.

16 Asi ini ndinodana kuna Mwari,
uye Jehovha anondiponesa.
17 Madekwana, mangwanani namasikati
ndinochema mukushushikana,
uye iye anonzwa inzwi rangu.
18 Anondidzikinura ndisina kukuvara
kubva pahondo inondirwisa,
kunyange zvazvo vazhinji vachindipikisa.
19 Mwari, agere pachigaro choushe nokusingaperi,
achavanzwa agovaninipisa,
Sera
ivo vanhu vasingamboshanduri nzira dzavo,
uye vasingatyi Mwari.

20 Mumwe wangu anorova shamwari dzake;
anoputsa sungano yake.
21 Mutauro wake unotsvedzerera samafuta,
asi kurwa kuri mumwoyo make;
mashoko ake anopfavisa kukunda mafuta,
asi minondo yakavhomorwa.

22 Kanda kufunganya kwako pana Jehovha
uye iye achakusimbisa;
haazombotenderi vakarurama kuti vawire pasi.
23 Asi imi, iyemi Mwari, muchaburutsira vakaipa pasi
mugomba rokuora;
vanhu vanokarira ropa navanyengeri
havangarárami hafu yamazuva avo.

Asi kana ndirini, ndinovimba nemi.

# Pisarema 56

Kumutungamiri wokuimba. Namaririro e“Njiva paMiouki iri kure.” Pisarema raDhavhidhi. Rwiyo rweMikitami. Paakabatwa navaFiristia paGati.
1 Ndinzwirei ngoni, imi Mwari, nokuti vanhu vanondidzinganisa nehasha;
zuva rose vanorwa neni.
2 Vavengi vangu vanondidzinganisa zuva rose;
vazhinji vanorwa neni mukuzvikudza kwavo.

3 Pandinenge ndotya,
ndichavimba nemi.
4 Muna Mwari, iye ane shoko randinorumbidza,
muna Mwari ndinovimba; handichazotyi.
Ko, munhu anofa angandiitei?

5 Zuva rose vanomonyorora mashoko angu;
vanogara vachirangana kundikuvadza.
6 Vanorangana, vanovandira,
vanocherechedza mafambiro angu,
vachishuva kundiuraya.

7 Ngavasapunyuka savasina mhaka;
koromorerai ndudzi pasi mukutsamwa kwenyu imi Mwari.
8 Nyorai kuchema kwangu;
isai misodzi yangu parugwaro rwenyu,
ko, hazvina kuiswa muzvinyorwa zvenyu here?

9 Ipapo vavengi vangu vachadzokera shure
pandinodanidzira kuti ndibatsirwe.
Nechinhu ichi, ndichaziva kuti Mwari ari kurutivi rwangu.
10 Muna Mwari, iye ane shoko randinorumbidza,
muna Jehovha, ane shoko randinorumbidza,
11 muna Mwari ndinovimba; handichazotyi chinhu.
Ko, munhu angandiitei?

12 Ndinosungwa nemhiko kwamuri, imi Mwari;
ndichakuvigirai zvipo zvangu zvokuvonga.
13 Nokuti makandirwira parufu,
uye netsoka dzangu pakugumburwa,
kuti ndifambe pamberi penyu
muchiedza choupenyu.

# Pisarema 57

Kumutungamiri wokuimba namaimbiro okuti, "Musaparadza." Pisarema raDhavhidhi. Rwiyo rweMikitami. Paakatiza kubva kuna Sauro akapinda mubako.

1 Ndinzwirei ngoni, imi Mwari, ndinzwirei ngoni,
nokuti mweya wangu unovanda mamuri.
Ndichavanda mumumvuri wamapapiro enyu,
kusvikira njodzi yapfuura.

2 Ndinodanidzira kuna Mwari Wokumusoro-soro,
kuna Mwari anozadzisa chinangwa chake kwandiri.
3 Anotuma kubva kudenga agondiponesa,
achituka vaya vanondidzingirira nehasha;
Sera
Mwari anotumira rudo rwake nokutendeka kwake.

4 Ndiri pakati peshumba;
ndinovata pakati pemhuka dzinokara,
ivo vanhu vane meno amapfumo nemiseve,

vane ndimi dzinopinza seminondo.

5 Kudzwai, imi Mwari, pamusoro pamatenga;
kubwinya kwenyu ngakuve pamusoro penyika yose.
Sera

6 Vanowaririra tsoka dzangu mimbure,
ndakakotamiswa pasi nenhamo.
Vakachera gomba panzira yangu,
asi vakawiramo vamene.
Sera

7 Mwoyo wangu wakasimba, Mwari wangu,
mwoyo wangu wakasimba;
ndichaimba uye ndichaimba rwiyo.
8 Chimuka iwe mweya wangu!
Mukai imi mutengeranwa nembira!
Ini ndichamutsa mambakwedza.

9 Ndichakurumbidzai imi, iyemi Ishe, pakati pendudzi;
ndichakuimbirai pakati pamarudzi.
10 Nokuti rudo rwenyu rukuru, runosvika kudenga denga;
kutendeka kwenyu kunosvika kumusoro.

11 Kudzwai, imi Mwari, pamusoro pamatenga;
kubwinya kwenyu ngakuve pamusoro penyika yose.

# Pisarema 58

Kumutungamiri wokuimba namaimbiro okuti, "Musaparadza." Pisarema raDhavhidhi. Rwiyo rweMikitami.

1 Ko, imi vatongi munotaura mukururama here?
Munotonga pakati pavanhu nokururamisira here?
2 Kwete, munofunga kusaruramisira mumwoyo menyu,
uye maoko enyu anomanikidza panyika.

3 Kunyange kubvira pakuberekwa, vakaipa vanofamba mukutsauka;
kubva mudumbu ramai, vakaipa uye vanoreva nhema.
4 Uturu hwavo hwakaita souturu hwenyoka,
vakafanana nemhakure yadzivira nzeve dzayo,
5 isingateereri maimbiro en'anga
kunyange zvazvo achiimba nouchenjeri hukuru.

6 Vhunai mazino mumiromo yavo, imi Mwari;
bvisai, imi Jehovha, mazino marefu eshumba!
7 Ngavatsakatike semvura yapera kuerera;
pavanowembura uta, miseve yavo ngaigomare.
8 Vafanane nehozhwa inonyakatika painofamba,
kufanana negavamwedzi, ngavarege kuona zuva.

9 Hari dzenyu dzisati dzanzwa kupisa kweminzwa pamoto,
ingava minyoro kana yakaoma, vakaipa vachakukurwa.
10 Vakarurama vachafara pavachatsivirwa,

pavachashambidza tsoka dzavo muropa ravakaipa.
11 Ipapo vanhu vachati,
“Zvirokwazvo vakarurama vachiri kungowana mubayiro;
zvirokwazvo Mwari ariko anotonga nyika.”

# Pisarema 59

Kumutungamiri wokuimba namaimbiro anoti, “Musaparadza.” Pisarema raDhavhidhi. Rwiyo rweMikitami. Sauro paakanga atuma varume kundorinda imba yaDhavhidhi kuti amuuraye.

1 Ndirwirei pavavengi vangu, imi Mwari;
Ndidzivirirei kubva kuna avo vanondimukira.
2 Ndirwirei pavaiti vezvakaipa,
uye mundiponese pavanhu vanokarira kuteura ropa.

3 Tarirai kundivandira kwavakaita!
Vanhu vanotyisa vanondirangana
pasina mhosva yandapara kana chivi, nhai Jehovha.
4 Handina chandakakanganisa, asi ivo vagadzirira kundirwisa.
Simukai mundibatsire; tarirai dambudziko rangu!
5 Haiwa Jehovha, Mwari Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri,
mukai murange ndudzi dzose;
musanzwira ngoni vakaipa navapanduki.
Sera

6 Vanodzoka madekwana,
vachihon’a sembwa,
uye vachinyahwaira muguta.
7 Onai zvavanorutsa mumiromo yavo:
vanorutsa minondo kubva pamiromo yavo,
uye vanoti, “Ndiani angatinzwa?”
8 Asi imi, iyemi Jehovha, munovaseka;
munodadira ndudzi dzose.

9 Haiwa imi simba rangu, ndinokurindirai;
imi, iyemi Mwari, ndimi nhare yangu, 10 Mwari anondida

achanditungamirira
uye achanditendera kuti ndifare pamusoro pavanondireva.
11 Asi musavauraya, imi Ishe nhoo yedu,
zvimwe vanhu vangu vangakanganwa.
Musimba renyu itai kuti vadzungaire,
uye muvaderedze.
12 Nokuda kwezvivi zvemiromo yavo,
nokuda kwamashoko emiromo yavo,
ngavabatwe pakuzvikudza kwavo.
Nokuda kwokutuka nenhema dzavanotaura,
13 vaparadzei nehasha dzenyu,
vaparadzei kusvikira vapera.
Ipapo zvichazivikanwa kumigumo yenyika
kuti Mwari anotonga pamusoro paJakobho.
Sera

14 Vanodzoka madekwana,

vachihon'a sembwa,
uye vachinyahwaira muguta.
15 Vanodzungaira vachitsvaka zvokudya,
uye vanohuhudza kana vasina kuguta.
16 Asi ini ndichaimba nezvesimba renyu,
ndichaimba nezvorudo rwenyu mangwanani;
nokuti imi muri nhare yangu,
utiziro hwangu panguva dzokutambudzika.

17 Haiwa imi simba rangu, ndinokuimbirai nziyo dzokukurumbidzai;
imi, Mwari, ndimi nhare yangu, Mwari anondida.

# Pisarema 60

Kumutungamiri wokuimba namaimbirwo e"Ruva reMahapa reSungano." Rwiyo rweMikitami rwaDhavhidhi. Rwokudzidzisa. Paakarwa neAramu Naharaimu neAramu Zobha, uye panguva yakadzoka Joabhu akaparadza zviuru gumi nezviviri zvavaEdhomu muMupata woMunyu.

1 Makatiramba, imi Mwari, uye mukatirwisa;
makanga makatsamwa, zvino tidzorei henyu!
2 Makazungunusa nyika mukaitsemura napakati;
gadzirai henyu mitswe yayo, nokuti iri kudengenyeka.
3 Makaratidza vanhu venyu nguva dzakaoma;
makatipa waini inotidzedzeresa.

4 Asi kuna vanokutyai, makasimudza mureza
kuti urege kupfaranyurwa neuta.

Sera

5 Tiponesei uye tibatsirei noruoko rwenyu rworudyi,
kuti avo vamunoda varwirwe.
6 Mwari akataura ari muimba yake tsvene achiti:
"Ndichaganhura Shekemu nesimba
uye ndichayera Mupata weSukoti.
7 Gireadhi nderangu, uye Manase ndowangu;
Efuremu inguwani yangu yakasimba,
Judha itsvimbo yangu.
8 Moabhu ndiwo mudziyo wangu wokushambira,
pamusoro paEdhomu ndipo pandinokanda shangu yangu;
pamusoro paFiristia ndinopururudza mukukunda."

9 Ndianiko achandiisa kuguta rakakomberedzwa?
Ndianiko achanditungamirira kuenda kuEdhomu?
10 Hamusimi, iyemi Mwari, iyemi makatiramba here,
uye mukarega kubuda nehondo dzedu?
11 Tibatsirei pavavengi vedu,
nokuti rubatsiro rwavanhu haruna maturo.
12 NaMwari wedu, tichakunda,
uye achatsikira vavengi vedu pasi.

# Pisarema 61

Kumutungamiri wokuimba, nomutengeranwa une hungiso. Pisarema raDhavhidhi.

1 Inzwai kuchema kwangu, imi Mwari;
rerekerai nzeve yenyu kumunyengetero wangu.

2 Kubva kumigumo yenyika, ndinodanidzira kwamuri,
ndinodana sezvo mwoyo wangu woziya;
nditungamirirei kudombo rakakwirira kundipfuura.
3 Nokuti imi makanga muri utiziro hwangu,
shongwe yakasimba pamusoro pavavengi vangu.

4 Ndinopanga kugara mutende renyu nokusingaperi,
uye nokuvanda mumumvuri wamapapiro enyu.
Sera
5 Nokuti makanzwa mhiko dzangu, imi Mwari;
makandipa nhaka yaavo vanotya zita renyu.

6 Wedzerai mazuva oupenyu hwamambo,
makore ake kumarudzi namarudzi.
7 Ngaagare pachigaro choushe pamberi paMwari nokusingaperi;
gadzai rudo nokutendeka kwenyu kuti zvimudzivirire.

8 Ipapo ndichagara ndichirumbidza zita renyu nenziyo,
uye ndichazadzisa mhiko dzangu zuva nezuva.

# Pisarema 62

Kumutungamiri wokuimba. Kuna Jedhutuni. Pisarema raDhavhidhi.
1 Mweya wangu unozorora muna Mwari oga;
ruponeso rwangu runobva kwaari.
2 Iye oga ndiye dombo rangu noruponeso rwangu;
ndiye nhare yangu, handingambozungunuswi.

3 Muchasvika kupiko muchingorova munhu?
Ko, imi mose muchamukanda pasi here,
iyeyu rusvingo rwakarereka, noruzhowa rwuri kuwa?
4 Vanofunga kwazvo zvokumuwisira
pasi kubva panzvimbo yake yakakwirira;
vanofarira nhema.
Vanoropafadza nemiromo yavo,
Asi vachituka mumwoyo yavo.
Sera

5 Iwe mweya wangu, zviwanire zororo muna Mwari oga;
tariro yangu inobva kwaari.
6 Ndiye oga dombo rangu noruponeso rwangu;
ndiye nhare yangu, handingazungunuswi.
7 Ruponeso rwangu nokukudzwa kwangu zvinobva kuna Mwari;
ndiye dombo rangu guru, noutiziro hwangu.
8 Vimbai naye nguva dzose, imi vanhu;
dururai mwoyo yenyu kwaari,
nokuti Mwari ndiye utiziro hwedu.
Sera

9 Vanhu vasina maturo vanongova mweya zvawo,

asi vanokudzwa inhema bedzi;
kana vakayerwa havaremi, havasi chinhu;
vose pamwe chete vanongova mweya.
10 Regai kuvimba noupambi
kana kuzvikudza nezvinhu zvokuba;
kunyange pfuma yenyu ichiwanda,
regai kuisa mwoyo yenyu pairi.

11 Chinhu chimwe chakataurwa naMwari,
zvinhu zviviri zvandakanzwa:
Kuti imi, iyemi Mwari, mune simba,
12 uye kuti imi, iyemi Ishe, mune rudo.
Zvirokwazvo muchapa mubayiro kumunhu mumwe nomumwe
maererano nezvaakaita.

# Pisarema 63

Pisarema raDhavhidhi paakanga ari murenje reJudha.
1 Haiwa Mwari, ndimi Mwari wangu,
ndinokutsvakai nomwoyo wose;
mwoyo wangu une nyota kwamuri,
muviri wangu unokupangai,
munyika yakaoma
uye yasakara isina mvura.

2 Ndakakuonai munzvimbo yenyu tsvene,
uye ndikaona simba renyu nokubwinya kwenyu.
3 Nokuti rudo rwenyu runokunda upenyu,
miromo yangu ichakurumbidzai.
4 Ndichakurumbidzai ndichiri mupenyu,
uye ndichasimudza maoko angu muzita renyu.
5 Mweya wangu uchagutswa kunge wadya zvakakora kwazvo;
muromo wangu uchakurumbidzai nemiromo inofara kwazvo.

6 Ndinokurangarirai ndiri pamubhedha wangu;
ndinokufungai panguva dzose dzousiku.
7 Nokuti muri mubatsiri wangu,
ndinoimba ndiri mumumvuri wamapapiro enyu.
8 Mweya wangu unonamatira kwamuri;
ruoko rwenyu rworudyi runonditsigira.

9 Vanotsvaka upenyu hwangu vachaparadzwa;
vachaburukira kwakadzika kwepasi.
10 Vachaiswa kumunondo
vagova zvokudya zvamakava.

11 Asi mambo achafara muna Mwari;
vose vanopika nezita raMwari vachamurumbidza,
asi miromo yavanoreva nhema ichafumbirwa.

# Pisarema 64

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndinzweiwo, imi Mwari, pandinotaura chichemo changu;

dzivirirai upenyu hwangu pakutyisidzira kwavavengi.
2 Ndivanzei pakurangana kwavakaipa,
ndibve pazhowezhowe yeungano yavaiti vezvakaipa.

3 Vanorodza ndimi dzavo seminondo,
uye vanonanga namashoko avo semiseve inouraya.
4 Vanopfura vari pakavanda munhu asina mhosva;
vanomupfura pakarepo, vasingatyi.

5 Vanokurudzira mumwe nomumwe wavo pakufunga zvakaipa,
vanotaura pamusoro pokuteya misungo yavo, uye vanoti,
“Ndianiko achaiona?”
6 Vanorangana kusaruramisira vachiti,
“Tafunga zano rakakwana!”
Zvirokwazvo mwoyo nomurangariro womunhu zvinonyengera.

7 Asi Mwari achavapfura nemiseve;
pakarepo vachawira pasi.
8 Achaita kuti ndimi dzavo dzivashandukire,
uye achavaisa pakuparadzwa;
vose vanovaona vachavadzungudzira misoro vachivaseka.

9 Marudzi ose avanhu achatya;
achaparidza mabasa aMwari,
uye achafungisisa zvaakaita.
10 Vakarurama ngavafare muna Jehovha
uye vavande maari;
vose vakarurama mumwoyo ngavamurumbidze!

# Pisarema 65

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Rwiyo.
1 Kurumbidzwa kwakakumirirai, imi Mwari, muZioni;
kwamuri mhiko dzedu dzichazadziswa.
2 Haiwa, imi munonzwa munyengetero,
vanhu vose vachauya kwamuri.
3 Patakanga takafukidzwa nezvivi,
makakanganwira kudarika kwedu.
4 Vakaropafadzwa avo vamunosarudza
navamunoswededza pedyo kuti vagare pavanze dzenyu!
Takagutswa nezvinhu zvakanaka zveimba yenyu,
zvetemberi yenyu tsvene.

5 Munotipindura namabasa okururama anotyisa,
imi Mwari Muponesi wedu,
tariro yemigumo yepasi pose
namakungwa ari kure kure,
6 iyemi makaumba makomo nesimba renyu,
makazvishongedza nesimba,
7 iyemi makanyaradza kutinhira kwamakungwa,
iko kutinhira kwamafungu aro,
nokupopota kwendudzi.
8 Vanogara kure kure vanotya zvishamiso zvenyu;

uko kunobuda mambakwedza uye madekwana achipera,
munodanidzira nziyo dzomufaro.

9 Mune hanya nenyika uye munoidiridza;
munoipfumisa kwazvo.
Hova dzaMwari dzizere nemvura
kuti dzivigire vanhu zviyo,
nokuti saizvozvo ndimi makazvirayira.
10 Munozadza mihoronga yacho nemvura,
uye munoenzanisa mihomba yacho;
munoinyorovesa nemvura inopfunha
munoropafadza zvibereko zvayo.
11 Munoshongedza gore nekorona yezvakawanda zvenyu,
uye ngoro dzenyu dzinopfachukira nezvakawanda.
12 Uswa hwomurenje hwopfachukira;
zvikomo zvakafukidzwa nomufaro.
13 Mafuro azara namapoka emakwai,
uye mipata yafukidzwa nezviyo;
zvinodanidzira nomufaro uye zvinoimba.

# Pisarema 66

Kumutungamiri wokuimba. Rwiyo. Pisarema.
1 Danidzirai nomufaro kuna Mwari, imi nyika yose!
2 Imbirai mukurumbira wezita rake;
murumbidze zvikuru kukudzwa kwake!
3 Muti kuna Mwari, "Mabasa enyu anotyisa sei!
Simba renyu iguru zvokuti vavengi venyu
vanodedera pamberi penyu.
4 Nyika yose inokukotamirai;
vanokuimbirai nziyo dzokurumbidza,
vanoimba nziyo dzokurumbidza zita renyu."
Sera

5 Uyai muone zvaitwa naMwari,
mabasa ake anotyisa sei pakati pavanhu!
6 Akashandura gungwa rikava nyika yakaoma,
vakafamba nomumvura zhinji netsoka dzavo,
uyai, ngatifarei maari.
7 Anotonga nokusingaperi nesimba rake,
meso ake anocherechedza ndudzi,
vanomumukira ngavarege kumisidzana naye.
Sera

8 Rumbidzai Mwari wedu, imi vanhu,
inzwi rokurumbidzwa kwake ngarinzwike;
9 iye akachengetedza upenyu hwedu
netsoka dzedu kuti dzirege kutedzemuka.
10 Nokuti imi, iyemi Mwari, makatiedza;
mukatinatsa sesirivha.
11 Makatipinza mutorongo
mukatitakudza mitoro pamisana yedu.

12 Makabvumira vanhu kukwira pamisoro yedu;
takapinda mumoto nomumvura,
asi makatiisa kunzvimbo ine zvakawanda.

13 Ndichauya nezvibayiro zvinopiswa kutemberi yenyu,
ndigozadzisa mhiko dzangu kwamuri,
14 mhiko dzandakavimbisa nemiromo yangu,
uye muromo wangu wakataura pandakanga ndiri munhamo.
15 Ndichakubayirai mhuka dzakakora
nechipiriso chamakondobwe;
ndichabayirawo hando nembudzi.
Sera

16 Uyai munzwe, imi mose munotya Mwari;
ndikuudzei zvaakandiitira.
17 Ndakachema kwaari nomuromo wangu; rumbidzo yake yaiva parurimi
rwangu.
18 Dai ndakanga ndaviga chivi mumwoyo mangu,
Ishe aidai asina kundinzwa;
19 asi zvirokwazvo Mwari akateerera
akanzwa inzwi rangu mumunyengetero.
20 Mwari ngaarumbidzwe,
iye asina kuramba munyengetero wangu.
Kana kudzivisa rudo rwake kwandiri!

# Pisarema 67

Kumutungamiri wokuimba nemitengeranwa ine hungiso. Pisarema. Rwiyo.

1 Mwari ngaatinzwire tsitsi atiropafadze,
uye apenyese chiso chake pamusoro pedu,
Sera
2 kuti nzira dzenyu dzizivikanwe panyika,
ruponeso rwenyu pakati pendudzi dzose.

3 Marudzi ngaakurumbidzei, imi Mwari;
marudzi ose ngaakurumbidzei.
4 Ndudzi ngadzifare uye dziimbe nomufaro,
nokuti munotonga marudzi nokururamisira,
uye munotungamirira ndudzi dzenyika.
Sera
5 Marudzi ngaakurumbidzei, imi Mwari;
marudzi ose ngaakurumbidzei.

6 Ipapo nyika ichabereka mukohwo wayo,
uye Mwari, Mwari wedu, achatiropafadza.
7 Mwari achatiropafadza,
uye migumo yose yepasi ichamutya.

# Pisarema 68

Mutungamiri mukuru wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Rwiyo.

1 Mwari ngaasimuke, vavengi vake ngavaparadzirwe;
vavengi vake ngavatize pamberi pake.
2 Sokupeperetswa kunoitwa utsi nemhepo,

saizvozvo vapeperetsei;
sokunyauka kunoita namo pamberi pomoto,
vakaipa ngavaparare pamberi paMwari.
3 Asi vakarurama ngavafare,
vafarisise pamberi paMwari;
ngavafare vapembere.

4 Imbirai Mwari, imbirai zita rake nziyo dzokurumbidza,
murumbidzei zvikuru iye anofamba pamusoro pamakore,
zita rake ndiJehovha,
uye farai pamberi pake.
5 Baba venherera, mudziviriri wechirikadzi,
ndiye Mwari ari paugaro hwake utsvene.
6 Vakanga vari voga Mwari akavagarisa mumhuri,
anosesedza vasungwa vachiimba;
asi mhandu dzinogara panyika yatsva nezuva.

7 Pamakatungamirira vanhu venyu, imi Mwari,
pamakafamba napakati perenje,
Sera
8 nyika yakazungunuka,
matenga akadurura mvura, pamberi paMwari,
iye weSinai, pamberi paMwari,
iye Mwari waIsraeri.
9 Imi Mwari, makanayisa mvura zhinji;
mukaita kuti nhaka yenyu yakaneta ifefeterwe.
10 Vanhu venyu vakagaramo,
uye imi Mwari, kubva pane, zvakawanda zvenyu, makariritira varombo.

11 Ishe akataura shoko,
vanhu vakaparidza shoko vaiva vazhinji kwazvo:
12 "Madzimambo navarwi vakakurumidza kutiza;
mumisasa, vanhu vakagovana zvakapambwa.
13 Kunyange pamunenge makavata pakati pemoto yemisasa,
mapapiro enjiva yangu akafukidzwa nesirivha,
minhenga yayo negoridhe rinovaima."
14 Wamasimba Ose paakaparadzira madzimambo munyika,
zvakanga zvakaita sechando chawira pamusoro peZarimoni.

15 Makomo eBhashani makomo oushe;
makomo eBhashani akati twi.
16 Munotaririreiko negodo, imi makomo akati twi,
pagomo rakasarudzwa naMwari kuti atongepo,
pachagarwa naJehovha pachake nokusingaperi?
17 Ngoro dzaMwari dzinosvika makumi ezviuru
nezviuru zvezviuru;
Ishe akasvika panzvimbo yake tsvene achibva kuSinai.
18 Pamakakwira kumusoro,
makatungamirira vatapwa mumudungwe wenyu;
mukagamuchira zvipo zvaibva kuvanhu,
kunyange zvaibva kuna vakapanduka,

kuti imi, iyemi Jehovha Mwari, mugarepo.

19 Ishe ngaarumbidzwe, Mwari Muponesi wedu,
anotakura mitoro yedu zuva nezuva.
Sera
20 Mwari wedu ndiMwari anoponesa;
kupunyuka parufu kunobva kuna Ishe Jehovha.

21 Zvirokwazvo Mwari achapwanya misoro yavavengi vake,
panhongonya dzine vhudzi dzaavo vanorambira muzvivi zvavo.
22 Ishe anoti, "Ndichavabvisa kubva kuBhashani;
ndichavabudisa kubva kwakadzika kwegungwa,
23 kuti unyike tsoka dzako muropa ravavengi vako,
ndimi dzembwa dzako dzichiwanawo mugove wadzo."

24 Mudungwe wenyu wakaonekwa, imi Mwari,
mudungwe waMwari wangu naMambo achipinda munzvimbo tsvene.
25 Mberi kuna vaimbi, vachiteverwa navaridzi vemitengeranwa;
pamwe chete navarandakadzi vachiridza matambureni.
26 Rumbidzai Mwari paungano huru;
rumbidzai Mwari pagungano raIsraeri.
27 Tarirai, rudzi ruduku rwaBhenjamini runovatungamirira,
hawo machinda mazhinji aJudha,
uye hawo machinda aZebhuruni neaNafutari.

28 Danai simba renyu, imi Mwari;
tiratidzei simba renyu, imi Mwari, sezvamakaita kare.
29 Nokuda kwetemberi yenyu paJerusarema,
madzimambo achakuvigirai zvipo.
30 Tukai mhuka dziri pakati petsanga,
mapoka ehando ari pakati pemhuru dzendudzi.
Ngavauye nesirivha, vakazvininipisa.
Paradzirai ndudzi dzinofarira kurwa.
31 Nhume dzichabva kuIjipiti;
Etiopia ichazviisa pasi paMwari.

32 Imbirai Mwari, imi ushe hwepasi,
rumbidzai Ishe nenziyo,
Sera
33 kuna iye anotasva matenga akare kumusoro,
iye anobudisa inzwi rake, inzwi rine simba.
34 Paridzai simba raMwari,
iye ano ushe huri pamusoro peIsraeri,
ane simba riri kudenga denga.
35 Munotyisa imi Mwari, muri panzvimbo yenyu tsvene;
Mwari waIsraeri anopa ushe nesimba kuvanhu vake.

Mwari ngaarumbidzwe!

# Pisarema 69

Kumutungamiri wokuimba namaimbirwo a"Maruva eMahapa." Pisarema raDhavhidhi.

1 Ndiponesei, imi Mwari,
nokuti mvura zhinji yakwira kusvikira pamutsipa wangu.
2 Ndinonyura munhope yakadzika,
pasina pangatsika makumbo angu.
Ndapinda mumvura yakadzika;
ndafukidzwa namafashamu.
3 Ndaneta nokuridza mhere yokuti ndibatsirwe;
huro dzangu dzaoma,
meso angu aneta
nokumirira Mwari wangu.
4 Vanondivenga ndisina mhosva vakawanda
kupfuura bvudzi romusoro wangu;
vanondivenga ndisina mhosva vazhinji, avo vanotsvaka kundiparadza.
Ndinomanikidzwa kudzosera zvandisina kuba.

5 Munoziva upenzi hwangu, imi Mwari;
mhaka yangu haina kuvanzika kwamuri.

6 Vaya vane tariro mamuri
ngavarege kunyadziswa nokuda kwangu,
haiwa Ishe, Jehovha Wamasimba Ose;
vanokutsvakai
ngavarege kunyadziswa nokuda kwangu,
haiwa Mwari waIsraeri.
7 Nokuti ndinotsunga kusekwa hangu nokuda kwenyu,
uye nyadzi dzafukidza chiso changu.
8 Ndiri mutorwa kuhama dzangu,
nomweni kuvanakomana vamai vangu;
9 nokuti kushingairira imba yenyu kwandipedza,
uye kutuka kwaavo vanokutukai kunowira pamusoro pangu.
10 Pandinochema uye ndichitsanya,
ndinofanira kushinga pakusekwa;
11 pandinofuka nguo dzamasaga,
vanhu vanondiita shumo.
12 Vaya vanogara pasuo vanondiseka,
uye ndiri rwiyo rwezvidhakwa.

13 Asi ndinonyengetera kwamuri, imi Mwari,
panguva inokufadzai;
murudo rwenyu rukuru, imi Mwari,
ndipindurei noruponeso rwenyu rwechokwadi.
14 Ndinunurei mumatope,
musandirega ndichinyura;
ndirwirei kuna vanondivenga,
napamvura zhinji yakadzika.
15 Musatendera mvura yamafashamu kuti indifukidze,
kana kwakadzika kuti kundimedze
kana kuti gomba rizarure muromo waro pamusoro pangu.

16 Ndipindurei, imi Jehovha, zvichibva pakunaka kworudo rwenyu;
dzokerai henyu kwandiri nokuda kwetsitsi dzenyu huru.
17 Regai kuvanzira muranda wenyu chiso chenyu;

ndipindurei nokukurumidza, nokuti ndava mudambudziko.
18 Swederai pedyo mundinunure;
ndidzikinurei nokuda kwavavengi vangu.

19 Munoziva kusekwa kwangu, kunyadziswa nokusakudzwa kwangu;
vavengi vangu vose vari pamberi penyu.
20 Kusekwa kwaputsa mwoyo wangu,
uye kwandisiya ndisisina chingandibatsira;
Ndakatsvaka vangandinzwira ngoni, asi ndakavashaya,
vangandinyaradza, asi ndakavashayazve.
21 Vakaisa nduru mune zvokudya zvangu,
uye vakandipa vhiniga pandaiva nenyota.

22 Tafura yagadzirwa pamberi pavo ngaive musungo;
ngaive shamhu yokuranga neriva.
23 Meso avo ngaapofumadzwe kuti varege kuona,
uye misana yavo iminame nokusingaperi.
24 Dururirai hasha dzenyu pamusoro pavo;
kutsamwa kwenyu kunotyisa ngakuvakurire.
25 Nzvimbo yavo ngaisiyiwe;
ngaparege kuva nomunhu anogara mumatende avo.
26 Nokuti vanotambudza vaya vamakarova,
uye vanotaura pamusoro pokurwadziwa kwavakakuvadzwa nemi.
27 Vapei mhosva pamusoro pemhosva;
ngavarege kuva nomugove woruponeso rwenyu.
28 Ngavadzimwe mubhuku roupenyu,
uye varege kuverengwa pamwe chete navakarurama.

29 Ndiri pakurwadziwa nenhamo;
ruponeso rwenyu imi Mwari, ngarundidzivirire.

30 Ndicharumbidza zita raMwari norwiyo,
uye ndichamukudza nokuvonga.
31 Izvi zvichafadza Jehovha kukunda nzombe,
kupfuura hando nenyanga dzayo, namahwanda ayo.
32 Varombo vachazviona uye vachafara,
imi vanotsvaka Mwari, mwoyo yenyu ngairarame!
33 Jehovha anonzwa vanoshayiwa
uye haashori vanhu vake vakatapwa.

34 Denga nenyika ngazvimurumbidze,
makungwa nezvose zvinofamba, imomo,
35 nokuti Mwari achaponesa Zioni
agovakazve maguta aJudha.
Ipapo vanhu vachagarako, vagoritora;
36 Vana vavaranda vake vacharipiwa senhaka,
uye avo vanoda zita rake vachagara ikoko.

# Pisarema 70

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi. Chikumbiro.
1 Kurumidzai kundiponesa, imi Mwari;

Haiwa Jehovha kurumidzai kuuya mundibatsire.

2 Vanotsvaka upenyu hwangu
ngavanyadziswe uye vakanganiswe;
vose vanofarira kuparara kwangu
ngavadzorwe shure vanyare.
3 Vanoti kwandiri, "Hekani waro! Hekani waro!"
ngavadzorerwe shure nokuda kwenyadzi dzavo.
4 Asi vose vanokutsvakai
ngavafare nokufarisisa mamuri;
vanoda ruponeso rwenyu ngavagare vachiti,
"Mwari ngaakudzwe!"

5 Asi ndiri murombo nomushayiwi;
uyai nokukurumidza kwandiri, imi Mwari.
Imi muri mubatsiri wangu nomurwiri wangu;
Haiwa Jehovha, musanonoka.

# Pisarema 71

1 Ndinovanda mamuri, imi Jehovha;
ngandirege kutongonyadziswa.
2 Ndinunurei uye mundirwire mukururama kwenyu;
rerekerai nzeve yenyu kwandiri uye mundiponese.
3 Ivai bako rangu rokuvanda kwandingaramba ndichienda;
rayirai kuti ndiponeswe, nokuti ndimi dombo rangu nenhare yangu.
4 Haiwa Mwari wangu, ndirwirei, paruoko rwowakaipa,
pakubatwa navanhu vakaipa uye vane utsinye.

5 Nokuti muri tariro yangu, imi Ishe Jehovha,
ndakavimba nemi kubva pauduku hwangu.
6 Ndakazendamira pamuri kubva pakuberekwa kwangu;
ndimi makandibudisa mudumbu ramai vangu.
Ndicharamba ndichikurumbidzai.
7 Ndava sechishamiso kuvazhinji,
asi imi muri utiziro hwangu hwakasimba.
8 Muromo wangu uzere nerumbidzo yenyu,
ndinoparidza kubwinya kwenyu zuva rose.

9 Regai kundirasa pandinenge ndakwegura;
musandisiya kana simba rangu rapera.
10 Nokuti vavengi vangu vanotaura zvakaipa pamusoro pangu;
avo vakamirira kundiuraya vanorangana pamwe chete.
11 Vanoti, "Mwari amusiya;
muteverei mumubate,
nokuti hakuna achamununura."
12 Regai kuva kure neni, imi Mwari;
uyai nokukurumidza, imi Mwari wangu, mundibatsire.
13 Vapomeri vangu ngavaparare vanyadziswe;
vaya vanoda kundikuvadza
ngavafukidzwe nokusekwa nokunyadziswa.

14 Asi kana ndirini, ndichagara ndine tariro;

ndicharamba ndichikurumbidzai zvakanyanya.

15 Muromo wangu uchareva zvokururama kwenyu,
nezvoruponeso rwenyu zuva rose,
kunyange ndisingazivi chiyero charwo.
16 Ndichauya ndichiparidza mabasa enyu makuru, imi Ishe Jehovha;
ndichaparidza kururama kwenyu, iyemi moga.
17 Kubva pauduku hwangu, imi Mwari, makandidzidzisa,
nanhasi uno ndinoparidza mabasa enyu anoshamisa.
18 Kunyange pandinenge ndakwegura uye bvudzi rachena,
musandisiya, imi Mwari,
kusvikira ndaparidza simba renyu kurudzi runotevera,
nesimba renyu kuna vose vari kuzouya.

19 Kururama kwenyu kunosvika kudenga kumusoro, imi Mwari,
iyemi makaita zvinhu zvikuru.
Haiwa Mwari, ndiani akafanana nemi?
20 Kunyange imi makandiratidza matambudziko mazhinji uye anorwadza,
muchadzosa upenyu hwangu zvakare;
kubva kwakadzika kwepasi
muchandibudisazve.
21 Muchawedzera kukudzwa kwangu,
uye muchandinyaradzazve.

22 Ndichakurumbidzai nembira
nokuda kwokutendeka kwenyu, imi Mwari wangu;
ndichakurumbidzai nenziyo nomutengeranwa,
imi Mutsvene woga waIsraeri.
23 Miromo yangu ichadanidzira nomufaro
pandinokurumbidzai nenziyo,
iyeni, wamakadzikinura.
24 Rurimi rwangu ruchataura nezvamabasa enyu akarurama
zuva rose,
nokuti avo vaida kundikuvadza
vanyadziswa uye vakanganiswa.

# Pisarema 72

Pisarema raSoromoni.
1 Shongedzai Mambo nokururamisira kwenyu, imi Mwari,
mwanakomana wamambo nokururama kwenyu.
2 Achatonga vanhu venyu nokururama,
navanonetswa venyu nokururamisira.
3 Makomo achavigira vanhu kubudirira,
nezvikomo, chibereko chokururama.
4 Achadzivirira vanonetswa pakati pavanhu,
uye achaponesa vana vavanoshayiwa;
achapwanya mudzvinyiriri.

5 Achashinga sokuvapo kwezuva, sokuvapo kwomwedzi,
kusvikira kumarudzi ose anotevera,
6 achafanana nemvura inonaya pamunda une uswa hwakachekererwa,
seguti rinonyorovesa nyika.

7 Pamazuva ake vakarurama vachakura zvakanaka;
kubudirira kuchawanda kusvikira mwedzi waguma.

8 Achatonga kubva kugungwa kusvikira kugungwa,
uye kubva paRwizi kusvikira kumagumo enyika.
9 Marudzi omugwenga achapfugama pamberi pake,
uye vavengi vake vachananzva guruva.
10 Madzimambo eTashishi navari kumahombekombe ari kure
vachamuvigira mutero;
madzimambo eShebha neSebha
vachamupa zvipo.
11 Madzimambo ose achamupfugamira
uye ndudzi dzose dzichamushandira.

12 Nokuti acharwira vanoshayiwa vanodanidzira;
vanonetswa vasina anovabatsira.
13 Achanzwira ngoni vasina simba navanoshayiwa,
uye achaponesa vanoshayiwa kubva parufu.
14 Achavanunura pakudzvinyiririrwa nokuitirwa zvinhu nechisimba,
nokuti ropa ravo rinokosha pamberi pake.

15 Iye ngaararame upenyu hurefu!
Goridhe rinobva kuShebha ngaripiwe kwaari.
Vanhu ngavarambe vachimunyengeterera
uye vamuropafadze zuva rose.
16 Zviyo ngazviwande munyika yose;
ngazvizengaire pamusoro pezvikomo.
Zvibereko zvazvo ngazvikure zvakanaka seRebhanoni;
ngazvibukire sebundo romusango.

17 Zita rake ngarigare nokusingaperi;
ngarirambe riripo sokuvapo kwezuva.

Ndudzi dzose dzicharopafadzwa kubudikidza naye,
uye vachamuti, ano mufaro.

18 Jehovha Mwari ngaarumbidzwe, Mwari waIsraeri,
iye oga anoita mabasa anoshamisa.
19 Zita rake rinobwinya ngarirumbidzwe nokusingaperi;
nyika yose ngaizadzwe nokubwinya kwake.
Ameni naAmeni.

20 Ndipo panoperera minyengetero yaDhavhidhi, mwanakomana waJese.

# BHUKU 3

## 73

*Mapisarema 73–89*

Pisarema raAsafi.
1 Zvirokwazvo Mwari akanaka kuna Israeri,
kuna avo vakachena pamwoyo.

2 Asi kana ndirini, tsoka dzangu dzakapotsa dzatsvedza;
ndakasara paduku kupunzika.
3 Nokuti ndakaitira shanje vanozvikudza,
pandakaona kubudirira kwavakaipa.

4 Havatambudziki;
miviri yavo ino utano uye vakasimba.
5 Vakasununguka pamitoro inowanikwa muvanhu;
havatambudzwi nezvinotambudza vanhu.
6 Naizvozvo kuzvikudza ndiko ruketani rwemitsipa yavo;
vanozvishongedza nechisimba.
7 Mumwoyo yavo makasindimara munobuda chitadzo;
mifungo yakaipa yendangariro dzavo haina magumo.
8 Vanoseka, uye vanotaura noutsinye mukuzvikudza kwavo,
vanoti vachadzvinyirira vamwe.
9 Miromo yavo inoti denga nderavo,
uye ndimi dzavo dzinotora nyika.
10 Naizvozvo vanhu vavo vanodzokera kwavari,
uye vanonwa mvura yakawanda.
11 Vanoti, “Mwari angazviziva sei?
Ko, Wokumusoro-soro ane ruzivo here?”

12 Ndizvo zvakaita vakaipa,
havana hanya nguva dzose, vanowedzera pfuma yavo.

13 Zvirokwazvo ndakanatsa mwoyo wangu, asi pasina;
ndakashamba maoko angu ndisina mhosva, asi pasina.
14 Zuva rose ndanga ndichitambudzwa;
ndinorangwa mangwanani ose.

15 Dai ndakanga ndati, “Ndichataura zvakadai,”
ndingadai ndakapandukira vana venyu.
16 Pandakaedza kunzwisisa izvi zvose,
zvakandiremera kwazvo
17 kusvikira ndapinda munzvimbo tsvene yaMwari;
ipapo ndikazonzwisisa magumo avo.

18 Zvirokwazvo makavaisa munzira inotsvedza;
makavakanda pasi kuti vaparare.
19 Haiwa, vanoparadzwa kamwe kamwe,
vanopedzwa chose nezvinotyisa!
20 Sezvakaita kurota panopepuka munhu,
saizvozvo pamunomuka, imi Ishe,
muchavashora savanhu vanorotomoka.

21 Mwoyo wangu pawakachema
uye mweya wangu ukashungurudzika,
22 ndakanga ndava benzi uye ndisingazivi;
ndakanga ndava mhuka inotyisa pamberi penyu.

23 Kunyange zvakadaro ndinogara nemi nguva dzose;
munondibata noruoko rwenyu rworudyi.

24 Munondisesedza nezano renyu,
uye pashure muchazonditora mondipinza mukubwinya kwenyu.
25 Ndianiko wandinaye kudenga kana musirimi?
Uye nyika haina chandinoshuva kunze kwenyu.
26 Nyama yangu nomwoyo wangu zvingapera hazvo,
asi Mwari isimba romwoyo wangu
nomugove wangu nokusingaperi.

27 Avo vari kure nemi vachaparara;
munoparadza vose vasina kutendeka kwamuri.
28 Asi kana ndirini, zvakanaka kuva pedyo naMwari.
Ndakaita Ishe Jehovha utiziro hwangu;
ndichataura zvamabasa enyu ose.

# Pisarema 74

Masikiri raAsafi.
1 Haiwa Mwari, makatirambireiko nokusingaperi?
Kutsamwa kwenyu kwapfungairireiko pamusoro pamakwai anofudzwa nemi?
2 Rangarirai vanhu vamakatenga kare,
rudzi rwenhaka yenyu, ivo vamakadzikinura,
Gomo reZioni, pamaigara.
3 Dzorai nhambwe dzenyu mutarise matongo asingaperi,
kuparadza ikoku kwose kwakauya nomuvengi pamusoro penzvimbo yenyu tsvene.

4 Vavengi venyu vakaomba panzvimbo yamakasangana nesu;
vakamisa mireza yavo sechiratidzo.
5 Vakaita savanhu vanosimudza matemo
kuti vateme dondo remiti.
6 Vakaputsa zvose zvakavezwa
namatemo avo nembezo.
7 Vakapisira pasi nzvimbo yenyu tsvene;
vakamhura ugaro hweZita renyu.
8 Vakati mumwoyo yavo, “Tichavaputsa zvachose!”
Vakapisa nzvimbo dzose dzokunamatira Mwari munyika.
9 Hatichaoni zviratidzo zvinoshamisa;
hakuna muprofita akasara,
pakati pedu hapana munhu anoziva kuti zvicharamba zvakadaro kusvikira rini.

10 Haiwa Mwari, muvengi acharamba achikushorai kusvikira riniko?
Ko, muvengi acharamba achimhura zita renyu nokusingaperi here?
11 Munodzoserereiko ruoko rwenyu shure, irwo ruoko rwenyu rworudyi?
Rubvisei pamupendero wenguo yenyu muvaparadze!

12 Asi imi, iyemi Mwari, ndimi mambo wangu kubva nakare;
imi munouyisa ruponeso panyika.
13 Ndimi makaganhura gungwa napakati nesimba renyu;
makaputsa misoro yechikara chomumvura.
14 Ndimi makapwanya misoro yaRevhiatani,
mukamuita chokudya chezvisikwa zvomugwenga.

15 Ndimi makazarura zvitubu nehova;
mukapwisa nzizi dzaigara dzichierera.
16 Zuva nderenyu, uye usiku ndohwenyuwo;
makasimbisa zuva nomwedzi.
17 Ndimi makatara miganhu yose yenyika;
mukaita zvose zhizha nechando.

18 Rangarirai kuti muvengi akakushorai sei, imi Jehovha,
uye kuti mapenzi akamhura sei zita renyu.
19 Regai kuisa upenyu hwenjiva yenyu kumhuka dzesango;
regai kukanganwa nokusingaperi upenyu hwavanhu venyu vanonetswa.
20 Ivai nehanya nesungano yenyu,
nokuti mweya wokurwisana wazadza nzvimbo dzerima munyika.
21 Musarega vakadzvinyiririrwa vachidududza shure nenyadzi;
varombo navanoshayiwa ngavarumbidze zita renyu.

22 Simukai, imi Mwari, mutsigire mhaka yenyu;
rangarirai kuti mapenzi anokushorai sei zuva rose.
23 Regai kushayira hanya ruzha rwavadzivisi venyu,
bope ravavengi venyu, rinoramba richikwira.

# Pisarema 75

Kumutungamiri wokuimba namaimbiro okuti, "Regai kuparadza." Pisarema raAsafi. Rwiyo.

1 Tinokuvongai, imi Mwari, tinokuvongai,
nokuti Zita renyu riri pedyo;
vanhu vanotaura nezvamabasa enyu anoshamisa.

2 Imi munoti, "Ndinosarudza nguva yakatarwa;
ndini ndinotonga zvakarurama.
3 Panozununguka nyika yose navanhu vayo,
ini ndini ndinobata mbiru dzayo zvakasimba.
Sera
4 Kuna vanozvikudza ndinoti, 'Regai kuzvikudzazve,'
uye kuna vakaipa, ndinoti, 'Regai kusimudza nyanga dzenyu.
5 Regai kusimudzira nyanga dzenyu kudenga;
regai kutaura nemitsipa mikukutu.' "

6 Hakuna munhu anobva kumabvazuva kana kumavirira,
kana anobva kugwenga angasimudzira munhu.
7 Asi Mwari ndiye anotonga:
Anoderedza mumwe, achisimudzira mumwe.
8 Muruoko rwaJehovha mune mukombe
uzere newaini inopupuma, yakavhenganiswa nezvinonhuhwira;
anoidururira pasi, uye vakaipa vose vapanyika
vanoinwa kusvikira pamasese ayo.

9 Kana ndirini, ndichaparidza izvi nokusingaperi;
ndichaimbira Mwari waJakobho rwiyo rwokurumbidza.
10 Ndichagura nyanga dzavakaipa vose,
asi nyanga dzavakarurama dzichasimudzirwa kumusoro.

# Pisarema 76

Kumutungamiri wokuimba nomutengeranwa une hungiso. Pisarema raAsafi. Rwiyo.

1 Mwari anozivikanwa muJudha;
zita rake iguru muIsraeri.
2 Tende rake riri muSaremu,
ugaro hwake paZioni.
3 Ndipo paakavhuna miseve inovaima,
nhoo neminondo, izvo zvombo zvokurwa.
Sera

4 Imi makashongedzwa nechiedza,
kupfuura makomo akapfuma nemhuka.
5 Varume vakashinga vakavata pasi vapambwa,
vakavata hope dzavo dzokupedzisira;
hakuna mumwe wavarwi
angasimudza maoko ake.
6 Pakutuka kwenyu, imi Mwari waJakobho,
zvose bhiza nengoro zvinovata zvakati mwiro.
7 Imi moga ndimi munofanira kutyiwa.
Mukatsamwa, ndianiko angamira pamberi penyu?
8 Muri kudenga makazivisa kutonga kwenyu,
uye nyika yakatya ikanyarara,
9 haiwa Mwari, pamakasimuka kuti mutonge,
kuti muponese vanonetswa vose venyika.
Sera
10 Zvirokwazvo hasha dzenyu pamusoro pavanhu dzinokuvigirai kurumbidzwa,
uye vanosara pahasha dzenyu vachadziviswa.

11 Itai mhiko kuna Jehovha Mwari wenyu mugodzizadzisa;
nyika dzose dzakakupoteredzai
ngadzivigire zvipo kuna Iye anofanira kutyiwa.
12 Anoputsa mweya yavatongi;
anotyiwa namadzimambo enyika.

# Pisarema 77

Kumutungamiri wokuimba. Kuna Jedhutuni. Pisarema raAsafi.

1 Ndakadanidzira kuna Mwari kuti andibatsire;
ndakadana kuna Mwari kuti andinzwe.
2 Pandakanga ndiri pakutambudzika, ndakatsvaka Ishe;
panguva yousiku ndakatambanudza maoko angu asinganeti,
uye mweya wangu wakaramba kunyaradzwa.

3 Haiwa Mwari, ndakakurangarirai, uye ndikagomera;
ndakafungisisa, mweya wangu ukaziya.
Sera
4 Makakonesa meso angu kutsinzina;
ndakatambudzika zvokuti ndakatadza kutaura.
5 Ndakarangarira mazuva ekare,
makore ekare kare;
6 ndakarangarira nziyo dzangu panguva yousiku.

Mwoyo wangu wakafungisisa uye mweya wangu wakabvunza ukati,

7 “Ko, Ishe acharamba nokusingaperi here?
Haachazombonzwiri ngonizve here?
8 Ko, rudo rwake rusingaperi rwakabva nokusingaperi here?
Chipikirwa chake chakakona nokusingaperi here?
Sera
9 Ko, Mwari akanganwa kuva nenyasha here?
Mukutsamwa kwake haachaitira tsiye dzake nyoro here?”

10 Ipapo ndakafunga ndikati, “Ndichakumbira hangu pane izvozvi:
makore oruoko rworudyi reWokumusoro-soro.”
11 Ndicharangarira mabasa aJehovha;
hongu, ndicharangarira zvishamiso zvenyu zvakare kare.
12 Ndichafungisisa pamusoro pamabasa enyu ose,
uye ndicharangarira mabasa enyu makuru.

13 Haiwa Mwari, nzira dzenyu itsvene.
Ndoupiko mwari mukuru saMwari wedu?
14 Muri Mwari anoita zvishamiso;
munoratidza simba renyu pakati pavanhu.
15 Noruoko rwenyu rune simba,
makadzikinura vanhu venyu, izvo zvizvarwa zvaJakobho naJosefa.
Sera

16 Mvura zhinji yakakuonai, imi Mwari,
mvura zhinji yakakuonai ikatya;
kwakadzika chaiko kwakabvunda.
17 Makore akadurura mvura,
kumatenga kwakaunga nokutinhira;
miseve yenyu yakapenya kuno nokoko.
18 Kutinhira kwenyu kwakanzwika muchamupupuri,
kupenya kwenyu kwakavhenekera nyika;
nyika yakadedera ikadengenyeka.
19 Gwara renyu rakapinda nomugungwa,
nzira yenyu ikapinda nomumvura zhinji zhinji,
kunyange zvazvo tsoka dzenyu dzakanga dzisingaonekwi.

20 Makatungamirira vanhu venyu seboka ramakwai
noruoko rwaMozisi naAroni.

# Pisarema 78

Masikiri raAsafi.
1 Haiwa vanhu vangu, inzwai kudzidzisa kwangu;
teererai mashoko omuromo wangu.
2 Ndichashamisa muromo wangu nditaure nomufananidzo,
ndichataura zvinhu zvakavanzika, zvinhu zvakare kare,
3 zvatakanzwa nezvatakaziva,
zvatakaudzwa namadzibaba edu.
4 Hatingazozvivanziri vana vavo;
tichaudza rudzi runotevera
mabasa angarumbidzwa aJehovha,
simba rake, nezvishamiso zvaakaita.

5 Akatema zvirevo zvaJakobho
akasimbisa murayiro muIsraeri,
waakarayira madzitateguru edu
kuti vadzidzise vana vavo,
6 kuti rudzi runotevera ruzvizive,
kunyange vana vachazoberekwa,
naivo vagozoudzawo vana vavo.
7 Ipapo vachavimba naMwari wavo
uye havangazokanganwi mabasa ake
asi vachazochengeta mirayiro yake.
8 Havazofanani namadzitateguru avo,
rudzi rwakanga rwakasindimara uye rwaimumukira,
mwoyo yavo yakanga isingateereri Mwari,
mweya yavo yakanga isina kutendeka kwaari.

9 Vanhu vokwaEfuremu, kunyange vakanga vakapakata uta,
vakadzokera shure pazuva rokurwa;
10 havana kuchengeta sungano yaMwari,
uye vakaramba kufamba maererano nomurayiro wake.
11 Vakakanganwa zvaakaita,
zvishamiso zvaakavaratidza.
12 Akaita zviratidzo pamberi pamadzibaba avo
munyika yeIjipiti, mudunhu reZoani.
13 Akapamura gungwa akavayambutsa napakati;
akaita kuti mvura imire yakasimba sorusvingo.
14 Akavatungamirira negore masikati,
uye nechiedza chomoto usiku hwose.
15 Akapamura ruware mugwenga
akavapa mvura yakawanda seyamakungwa;
16 akabudisa hova dzemvura paruware
akaita kuti iyerere seyenzizi.

17 Asi vakaramba vachingomutadzira,
vachimukira Wokumusoro-soro mugwenga.
18 Vakaedza Mwari nobwoni
vachimugombedzera kuti avape zvokudya zvavaipanga.
19 Vakapopotera Mwari, vachiti,
"Ko, Mwari angawadzira tafura mugwenga here?
20 Paakarova dombo, mvura yakatubuka,
uye hova dzakayerera mvura zhinji.
Asi angagona kutipawo zvokudya here?
Angavigira vanhu vake nyama here?"
21 Jehovha akati avanzwa, akatsamwa zvikuru kwazvo;
moto wake ukaveserwa Jakobho,
uye hasha dzake dzikamukira Israeri,
22 nokuti havana kutenda muna Mwari
kana kuvimba nokurwira kwake.
23 Asi akarayira matenga kumusoro
akazarura makonhi okumatenga;
24 akanayisa mana kuti vanhu vadye,
akavapa zviyo zvokudenga.
25 Vanhu vakadya chingwa chavatumwa;

akavatumira zvokudya zvose zvavaigona kudya.
26 Akazarura mhepo yokumabvazuva kubva kudenga,
uye akafambisa mhepo yakabva zasi nesimba rake.
27 Akavanayisira nyama pamusoro pavo seguruva,
shiri dzinobhururuka dzakaita sejecha rokumhenderekedzo yegungwa.
28 Akaita kuti dziburukire mumisasa yavo,
dzakapoteredza matende avo ose.
29 Vakadya kusvikira vaguta kwazvo,
nokuti akanga avapa zvavakanga vachipanga.
30 Asi vasati vafuratira chokudya chavaikarira,
kunyange pachakanga chichiri pamiromo yavo,
31 kutsamwa kwaMwari kwakavamukira;
akauraya vakanga vakanyanya kusimba pakati pavo,
akaparadza majaya eIsraeri.

32 Kunyange zvakadaro, vakaramba vachingotadza;
kunyange zvazvo zviratidzo zvake izvi zvaivapo, havana kutenda.
33 Saka akagumisa mazuva avo nezvisina maturo,
uye makore avo mukutya.
34 Pose pavaiurayiwa naMwari, ndipo pavaimutsvaka;
vaishingairira kudzokerazve kwaari.
35 Vakarangarira kuti Mwari ndiye Dombo ravo,
kuti Mwari Wokumusoro-soro ndiye Mudzikinuri wavo.
36 Asizve vaingomubata kumeso nemiromo yavo,
vachimurevera nhema nendimi dzavo;
37 mwoyo yavo yakanga isina kutendeka kwaari,
vakanga vasina kutendeka pasungano yake.
38 Kunyange zvakadaro
iye akavanzwira tsitsi;
akavakanganwira kuipa kwavo akasavaparadza.
Nguva nenguva akadzora kutsamwa kwake,
uye haana kumutsa hasha dzake dzose.
39 Akarangarira kuti ivo vaingova nyama bedzi,
mhepo inopfuura isingadzoki.

40 Vakamumukira mugwenga kazhinji sei,
uye vakamuitisa shungu murenje!
41 Vakaedza Mwari vamuedzazve;
vakagumbusa Iye Mutsvene waIsraeri.
42 Havana kurangarira simba rake,
zuva raakavadzikinura kubva pamudzvinyiriri,
43 zuva raakaratidza zviratidzo zvake zvinoshamisa muIjipiti,
zvishamiso zvake mudunhu reZoani.
44 Akashandura nzizi dzavo dzikava ropa;
havana kugona kunwa muhova dzavo.
45 Akavatumira mapupira enhunzi dzikavaparadza,
uye matatya akavaparadza zvikuru.
46 Akapa zviyo zvavo kumagutaguta
nezvibereko zvavo kumhashu.
47 Akaparadza mazambiringa avo nechimvuramabwe,
uye namaonde emionde yavo nechando.

48 Mombe dzavo akadziisa kuchimvuramabwe,
nezvipfuwo zvavo kukurova kwemheni.
49 Akaregedzera kutsamwa kwake kukuru pamusoro pavo,
hasha dzake, shungu dzake noukasha hwake,
boka ravatumwa vokuparadza.
50 Akagadzira nzira yokutsamwa kwake;
haana kuponesa mweya yavo parufu asi akavaisa kudenda.
51 Akauraya matangwe ose eIjipiti,
chibereko chokutanga chomurume pamatende aHamu.
52 Asi akabudisa vanhu vake seboka ramakwai;
akavatungamirira samakwai nomugwenga.
53 Akavafambisa norugare,
asi gungwa rakamedza vavengi vavo.
54 Saizvozvo akavasvitsa kumuganhu wenyika yake tsvene,
kunyika yamakomo yaakatora noruoko rwake rworudyi.
55 Akadzinga ndudzi mberi kwavo,
akagovera nyika yavo kwavari senhaka;
akagarisa rudzi rwaIsraeri mudzimba dzavo.

56 Asi vakaedza Mwari
uye vakamukira Wokumusoro-soro;
vakasachengeta zvirevo zvake.
57 Vakanga vasingazvirereki uye vasina kutendeka samadzibaba avo,
vasingavimbiki souta hunonyengera.
58 Vakamutsamwisa nenzvimbo dzavo dzakakwirira;
vakamutsa godo rake nokuda kwezvifananidzo zvavo.
59 Mwari akati avanzwa akatsamwa zvikuru kwazvo;
akaramba Israeri zvachose.
60 Akasiya tabhenakeri yeShiro,
iyo tende yaakanga amisa pakati pavanhu.
61 Akaendesa areka yesimba rake kuutapwa,
kubwinya kwake mumaoko omuvengi.
62 Akaisa vanhu vake kumunondo;
akatsamwira nhaka yake zvikuru kwazvo.
63 Moto wakaparadza majaya avo,
uye varandakadzi vavo vakashayiwa nziyo dzesvitsa;
64 vaprista vavo vakanga vaiswa kumunondo,
uye chirikadzi dzavo hadzina kugona kuchema.

65 Ipapo Ishe akamuka somunhu anga akakotsira,
somunhu amuka pakubatwa newaini.
66 Akarova vavengi vake vakadzokera shure;
akavanyadzisa nokusingaperi.
67 Ipapo akaramba matende aJosefa,
haana kusarudza rudzi rwaEfuremu;
68 asi akasarudza rudzi rwaJudha,
Gomo reZioni, raakada.
69 Akavaka nzvimbo yake tsvene senhare yakakwirira,
senyika yaakasimbisa nokusingaperi.
70 Akasarudza Dhavhidhi muranda wake,
akamutora kumatanga amakwai;
71 akamubvisa pakufudza makwai

kuti ave mufudzi wavanhu vake Jakobho,
vaIsraeri nhaka yake.
72 Uye Dhavhidhi akavafudza nokururama kwomwoyo;
akavatungamirira namaoko ouchenjeri.

# Pisarema 79

Pisarema raAsafi.
1 Haiwa Mwari, ndudzi dzapinda panhaka yenyu;
vakasvibisa temberi yenyu tsvene,
Jerusarema varideredza rikava marara.
2 Vakapa mitumbi yavaranda venyu
sezvokudya zveshiri dzedenga,
nyama yavatsvene venyu kuzvikara zvenyika.
3 Vakateura ropa kunge mvura
paJerusarema rose,
uye hakuna munhu anoviga zvitunha.
4 Tiri chinhu chinoshorwa navatigere navo,
chinosekwa nechinozvidzwa kuna avo vakatipoteredza.

5 Haiwa Jehovha, mucharamba makatitsamwira nokusingaperi kusvikira riniko?
Godo renyu richapisa somoto kusvikira riniko?
6 Dururirai hasha dzenyu pamusoro pendudzi dzisingakuzive,
napaushe husingadani kuzita renyu;
7 nokuti vakapedza Jakobho
uye vakaparadza nyika yokwake.
8 Regai kuverengera pamusoro pedu zvivi zvamadzibaba;
tsitsi dzenyu ngadzikurumidze kuuya kuzosangana nesu,
nokuti tiri pakutambudzika.

9 Tibatsirei, imi Mwari Muponesi wedu,
nokuda kwokukudzwa kwezita renyu;
tirwirei mutiregerere zvivi zvedu
nokuda kwezita renyu.
10 Ndudzi dzichataurireiko dzichiti,
"Mwari wavo aripi?"
Zivisai pakati pendudzi, pamberi pedu,
kuti munotsiva ropa ravaranda venyu rakateurwa.
11 Kugomera kwavasungwa ngakusvike pamberi penyu;
nesimba roruoko rwenyu
chengetedzai avo vakatongerwa rufu.

12 Mutsive kanomwe pamabvi avavakidzani vedu,
kutuka kwavakaita zita renyu, imi Ishe.
13 Ipapo vanhu venyu, makwai amafuro enyu,
vachakurumbidzai nokusingaperi;
kubva kune chimwe chizvarwa kusvikira kune chimwe chizvarwa,
ticharondedzera nezvokurumbidzwa kwenyu.

# Pisarema 80

Kumutungamiri wokuimba nomuimbiro wa "Maruva amahapa eSungano." Pisarema raAsafi.

1 Tinzwei, imi Mufudzi weIsraeri,
imi makatungamirira Josefa seboka ramakwai;
iyemi munogara pachigaro choushe pakati pamakerubhi, penyai
2 pamberi paEfuremu, Bhenjamini naManase.
Mutsai simba renyu;
uyai mutiponese.

3 Tidzorei, imi Mwari,
penyesai chiso chenyu pamusoro pedu,
kuti tiponeswe.

4 Haiwa Jehovha Mwari Wamasimba Ose,
kutsamwa kwenyu kucharamba kuchipisa
pamusoro peminyengetero yavanhu venyu kusvikira riniko?
5 Makavapa chingwa chemisodzi kuti vadye;
makaita kuti vanwe misodzi yakawanda.
6 Makatiita mavambo enharo kuna vatigere navo,
uye vavengi vedu vanotiseka.

7 Tidzorei, imi Mwari Wamasimba Ose;
penyesai chiso chenyu pamusoro pedu,
kuti tiponeswe.

8 Makabudisa muzambiringa kubva muIjipiti;
makadzinga ndudzi mukaudyara.
9 Makaukurira nzvimbo,
uye ukava nemidzi ukazadza nyika.
10 Makomo akanga akafukidzwa nomumvuri wawo,
nemisidhari mikuru namatavi awo.
11 Wakatandavadza matavi awo kusvikira kuGungwa,
namabukira awo kusvikira kuRwizi.

12 Seiko makaputsa masvingo awo
kuti vose vanopfuura napo vanonge mazambiringa awo?
13 Nguruve dzinobva musango dzinouparadza,
uye zvisikwa zvesango zvinoudya.
14 Dzokerai kwatiri, imi Mwari Wamasimba Ose!
Tarirai muri kudenga muone!
Rindai muzambiringa uyu,
15 iwo mudzi wakasimwa noruoko rwenyu rworudyi,
mwanakomana wamakazvirerera.

16 Muzambiringa wenyu watemerwa pasi, wapiswa nomoto;
pakutuka kwenyu, vanhu venyu vanofa.
17 Ruoko rwenyu rworudyi ngarugare pamusoro pomunhu ari kurudyi kwenyu,
mwanakomana womunhu wamakazvirerera.
18 Ipapo hatingazobvi kwamuri;
timutsiridzei, tigodana kuzita renyu.

19 Tidzorei, imi Mwari Wamasimba Ose;
penyesai chiso chenyu pamusoro pedu,

kuti tiponeswe.

# Pisarema 81

Kumutungamiri wokuimba. Namaimbirwo egititi. Pisarema raAsafi.
1 Imbirai Mwari nomufaro iye simba redu;
danidzirai kuna Mwari waJakobho!
2 Vambai rwiyo, muridze tambureni,
ridzai mbira dzinonakidza nomutengeranwa.

3 Ridzai runyanga rwehwai paKugara kwoMwedzi,
uye pakuchena kwomwedzi, pazuva roMutambo wedu;
4 ichi ndicho chirevo chaIsraeri,
chakatarwa naMwari waJakobho.
5 Akachisimbisa somutemo wakanyorwa waJosefa
panguva yaakandorwa neIjipiti,
uko kwatakanzwa mutauro watakanga tisinganzwisisi.

6 Iye anoti, "Ndakabvisa mutoro pamapfudzi avo;
maoko avo akasunungurwa padengu.
7 Pakutambudzika kwako wakadana ini ndikakununura,
ndakakupindura ndiri mugore rokutinhira;
ndakakuedza pamvura zhinji yeMeribha.
Sera

8 "Inzwai, imi vanhu vangu, uye ndichakuyambirai,
kana mukada chete kunditeerera, imi Israeri!
9 Pakati penyu ngaparege kuva namwari wavatorwa,
musapfugamira mwari wokumwe.
10 Ndini Jehovha Mwari wako,
akakubudisa kubva munyika yeIjipiti.
Shamisa muromo wako kwazvo, ndigouzadza.

11 "Asi vanhu vangu havana kuda kundinzwa,
Israeri haana kuda kuzviisa pasi pangu.
12 Saka ndakavaregera paukukutu hwemwoyo yavo,
kuti vatevere mano avo.

13 "Kana vanhu vangu vakada kunditeerera,
kana Israeri akada kutevera nzira dzangu,
14 ndaikurumidza kukunda sei vavengi
vavo nokurova vavengi vavo noruoko rwangu!
15 Vaya vanovenga Jehovha vachatya pamberi pake,
uye kurangwa kwavo kuchagara nokusingaperi.
16 Asi imi muchagutswa nezviyo zvakaisvonaka;
uye ndichakugutsai nouchi hunobva padombo."

# Pisarema 82

Pisarema raAsafi.
1 Mwari anogara paungano huru;
anotonga pakati pa"vamwari" achiti,

2 "Muchasvika riniko muchirwira vasakarurama

uye muchisanangura vanhu vakaipa?
Sera
3 Tongai mhaka dzavasina simba nenherera;
chengetedzai kodzero dzavarombo navakadzvinyiririrwa.
4 Nunurai vasina simba navanoshayiwa;
varwirei paruoko rwowakaipa.

5 "Havana chavanoziva, havana chavanonzwisisa.
Vanongofamba-famba murima;
nheyo dzose dzenyika dzinozungunuswa.

6 "Ndakati, 'Muri vamwari;
imi mose muri vanakomana veWokumusoro-soro.'
7 Asi muchafa savanhuwo zvavo;
muchawa savatongi vose."

8 Simukai, imi Mwari, mutonge nyika,
nokuti ndudzi dzose inhaka yenyu.

# Pisarema 83

Rwiyo. Pisarema raAsafi.
1 Haiwa Mwari, regai kunyarara;
musanyarara, imi Mwari, musati mwiro.
2 Tarirai kumutswa kwaitwa vavengi venyu,
namasimudziro avaita misoro yavo.
3 Vakarangana nounyengeri pamusoro pavanhu venyu;
vanorangana pamusoro paavo vamunochengeta zvakanaka.
4 Ivo vanoti, "Uyai, ngativaparadzei sorudzi,
kuti zita raIsraeri rirove."

5 Vanorangana pamwe chete nomwoyo mumwe chete;
vanoita sungano yokuzorwa nemi,
6 matende eEdhomu nevaIshumaeri,
neMoabhu navaHagari,
7 Gebha, Amoni neAmareki,
Firistia, navanhu veTire.
8 Kunyange neAsiria yabatana
navo kuti vasimbise zvizvarwa zvaRoti.
Sera

9 Muvaitire sezvamakaitira vaMidhia,
sezvamakaita kuna Sisera naJabhini paRwizi Kishoni,
10 ivo vakafira paEndori
uye vakava sendove pamusoro pevhu.
11 Muite makurukota avo saOrebhu naZibhi,
machinda avo ose saZebha naZarumuna,
12 ivo vakati, "Handei tindotora
mafuro aMwari."

13 Haiwa Mwari wangu, vaitei sendira,
sehundi inodzingwa nemhepo.
14 Somoto unopisa sango

kana moto unoririma mugomo,
15 saka vateverei nedutu renyu
mugovavhundutsa nokutinhira wenyu.
16 Fukidzai zviso zvavo nenyadzi
kuti vanhu vagotsvaka zita renyu, imi Jehovha.

17 Ngavarambe vachinyadziswa
uye vavhundutswe; ngavafire munyadzi dzavo.
18 Ngavazive kuti imi, mune zita rinonzi Jehovha,
ndimi moga Wokumusoro-soro ari pamusoro penyika yose.

# Pisarema 84

Kumutungamiri wokuimba namaimbirwo egititi. Pisarema ravanakomana vaKora.
1 Ugaro hwenyu hwakanaka sei,
imi Jehovha Wamasimba Ose!
2 Mweya wangu unopanga,
uye unotoziya, nokuda kwezvivanze zvaJehovha;
mwoyo wangu nenyama yangu
zvinodana kuna Mwari mupenyu.

3 Kunyange shiri diki yakazviwanira imba,
nenyenganyenga yakazviwanirawo
dendere kwaingachochonyera vana vayo,
iyo nzvimbo iri pedyo nearitari yenyu,
imi Jehovha Wamasimba Ose, Mambo wangu naMwari wangu.
4 Vakaropafadzwa avo vanogara mumba menyu;
vanogara vachikurumbidzai.
Sera

5 Vakaropafadzwa avo vane simba ravo mamuri,
vakaisa mwoyo yavo parwendo rweZioni.
6 Pavanopfuura nomuMupata weBhaka,
vanouita nzvimbo yamatsime;
mvura yomuzhizha inouzadzawo namadziva.
7 Vanowedzera simba pasimba,
kusvikira mumwe nomumwe wavo amira pamberi paMwari muZioni.

8 Inzwai munyengetero wangu, imi Jehovha Mwari Wamasimba Ose;
rerekerai nzeve yenyu kwandiri, imi Mwari waJakobho.
Sera
9 Haiwa Mwari, tariraiwo nhoo yedu;
ringirai nenyasha dzenyu pamuzodziwa wenyu.

10 Zviri nani kuva pavazhe dzenyu kwezuva rimwe chete,
kupfuura mazuva zviuru ndiri kumwe;
ndingada zvangu kuva murindi womukova weimba yaMwari
wangu kukunda kugara mumatende avakaipa.
11 Nokuti Jehovha Mwari ndiye zuva nenhoo;
Jehovha anopa nyasha nokukudzwa;
hapana chinhu chakanaka chaanganyima
avo vanofamba zvakarurama.

12 Haiwa Jehovha Wamasimba Ose,
akaropafadzwa munhu anovimba nemi.

# Pisarema 85

Kumutungamiri wokuimba waVanakomana vaKora. Pisarema.

1 Makanzwira nyasha nyika yenyu, imi Jehovha;
makadzosera Jakobho nhaka yake.
2 Makakanganwira kutadza kwavanhu venyu,
uye mukafukidza zvivi zvavo zvose.
Sera
3 Makaisa parutivi hasha dzenyu dzose,
mukadzoka pakutsamwa kwenyu kunotyisa.

4 Tidzoreizve, imi Mwari Muponesi wedu,
mugoisa kure nemi kusafara kwenyu pamusoro pedu.
5 Mucharamba makatitsamwira nokusingaperi here?
Mucharega kutsamwa kwenyu kuripo kusvikira kuzvizvarwa zvose here?
6 Ko, hamungatimutsiridzizve here,
kuti vanhu venyu vagofara mamuri?
7 Tiratidzei ngoni dzenyu, imi Jehovha,
mugotipawo ruponeso rwenyu.

8 Ndichateerera zvichataurwa naJehovha Mwari;
anovimbisa rugare kuvanhu vake, vatsvene vake,
asi ngavasadzokerazve kuupenzi.
9 Chokwadi, ruponeso rwake rwuri pedyo navanomutya,
kuti kubwinya kwake kugogara munyika yedu.

10 Rudo nokutendeka zvinosangana pamwe chete;
kururama norugare zvinosvetana.
11 Kutendeka kunomera panyika,
kururama kunotarira pasi kuri kudenga.
12 Chokwadi, Jehovha achapa zvinhu zvakanaka,
uye nyika yedu ichabereka mukoho wayo.
13 Kururama kuchamutungamirira,
uye kuchamugadzirira nzira yetsoka dzake.

# Pisarema 86

Munyengetero waDhavhidhi.

1 Inzwai, imi Jehovha, mundipindure,
nokuti ndiri murombo uye ndinoshayiwa.
2 Chengetai upenyu hwangu, nokuti ndakazvipa kwamuri.
Muri Mwari wangu;
ponesai muranda wenyu anovimba nemi.
3 Ndinzwirei ngoni, imi Ishe,
nokuti ndinodana kwamuri zuva rose.
4 Vigirai muranda wenyu mufaro,
nokuti kwamuri, imi Ishe,
ndinosimudzira mweya wangu.

5 Imi munokanganwira uye makanaka, imi Ishe,
muzere norudo kuna vose vanodana kwamuri.
6 Inzwai munyengetero wangu, imi Jehovha;
inzwai kuchemera kwangu ngoni dzenyu.
7 Ndichadana kwamuri pazuva rokutambudzika kwangu,
nokuti muchandipindura.

8 Haiwa Ishe, hakuna akafanana nemi pakati pavamwari;
hakuna mabasa akaita seenyu.
9 Ndudzi dzose dzamakaita dzichauya
kuzonamata pamberi penyu, imi Ishe;
dzicharumbidza zita renyu.
10 Nokuti imi muri mukuru uye munoita zvinhu zvinoshamisa;
imi moga ndimi Mwari.

11 Haiwa Jehovha, ndidzidzisei nzira yenyu,
uye ndichafamba muzvokwadi yenyu;
ndipei mwoyo mumwe,
kuti ndigotya zita renyu.
12 Ndichakurumbidzai, imi Ishe Mwari wangu, nomwoyo wangu wose;
ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi.
13 Nokuti rudo rwenyu rukuru kwandiri;
makandirwira paguva rakadzika.

14 Haiwa Mwari, vanozvikudza vari kundirwisa;
boka ravanhu vane utsinye rinotsvaka upenyu hwangu,
vanhu vasina hanya nemi.
15 Asi, imi Ishe, mune tsitsi uye muri Mwari ane nyasha,
anononoka kutsamwa, azere norudo nokutendeka.
16 Dzokerai kwandiri mundinzwire ngoni;
ipai simba renyu kumuranda wenyu,
uye muponese mwanakomana womurandakadzi wenyu.
17 Ndipei chiratidzo chokunaka kwenyu,
kuti vavengi vangu vazvione vagonyadziswa,
nokuti imi Jehovha makandibatsira uye mukandinyaradza.

# Pisarema 87

Zvavanakomana vaKora. Pisarema. Rwiyo.
1 Akateya nheyo dzake pagomo dzvene;
2 Jehovha anoda masuo eZioni
kupfuura pose panogara Jakobho.
3 Zvinhu zvakaisvonaka zvinotaurwa pamusoro pako,
iwe guta raMwari:
Sera
4 “Ndichanyora nezvaRahabhi neBhabhironi
pakati pavanondiziva,
neFiristiawo neTire, pamwe chete neEtiopia,
uye vachati, ‘Uyu akaberekerwa muZioni.’ ”

5 Zvirokwazvo, pamusoro peZioni vachati,
“Uyu nowoyo vakaberekerwamo,
uye Wokumusoro-soro pachake acharisimbisa.”

6 Jehovha achanyora panonyorwa mazita amarudzi,
kuti, "Uyu akaberekerwa muZioni."
Sera
7 Pavanoimba, vachaimba vachiti,
"Matsime angu ose ari mamuri."

# Pisarema 88

Rwiyo. Pisarema ravanakomana vaKora. Kumutungamiri wokuimba namaimbirwo emaharati reanoti. Masikiri raHemani muEzrahi.

1 Haiwa Jehovha, Mwari anondiponesa,
ndakachema masikati nousiku pamberi penyu.
2 Munyengetero wangu ngausvike pamberi penyu;
rerekerai nzeve yenyu kukuchema kwangu.

3 Nokuti mweya wangu uzere nokutambudzika,
uye upenyu hwangu hwaswedera pedyo neguva.
4 Ndinoverengwa pakati paavo vakaburukira kugomba;
ndava somunhu asina simba.
5 Ndakatsaurwa pamwe chete navakafa,
savakaurayiwa vavete muguva,
vamusingacharangaririzve,
vakagurwa kubva pakuchengeta kwenyu.

6 Makandiisa mugomba rakadzika dzika,
murima guru makadzika dzika.
7 Hasha dzenyu dzinorema kwazvo pamusoro pangu,
makandifukidza namafungu enyu ose.
Sera
8 Makanditorera shamwari dzangu dzapedyo,
uye mukandiita chinhu chinonyangadza.
Ndakapfigirwa uye handingatongopunyuki;
9 meso angu asviba neshungu.

Ndinodana kwamuri, imi Jehovha, mazuva ose;
ndinotambanudzira maoko angu kwamuri.
10 Ko, munoratidza zvishamiso zvenyu kuna vakafa here?
Ko, vakafa vanomuka vachikurumbidzai here?
Sera
11 Ko, rudo rwenyu runoparidzwa muguva,
nokutendeka kwenyu mukuparadzwa here?
12 Ko, zvishamiso zvenyu zvinozivikanwa munzvimbo yerima,
kana mabasa akarurama enyu munyika yokukanganwa here?

13 Asi ndinochemera rubatsiro kwamuri, imi Jehovha;
mangwanani, munyengetero wangu unosvika pamberi penyu.
14 Seiko, imi Jehovha, muchindiramba
uye muchindivanzira chiso chenyu?

15 Kubvira pauduku hwangu, ndakatambudzika zvokutosvika pedyo norufu;
ndatambudzika nokutyisa kwenyu uye handisisina tariro.
16 Hasha dzenyu dzakapfuura napamusoro pangu;

kutyisa kwenyu kwandiparadza.
17 Zuva rose zvakandipoteredza samafashamu;
ndakaputirwa nazvo chose.
18 Makanditorera shamwari dzangu navadikani vangu;
rima ndiyo shamwari yangu iri pedyo.

# Pisarema 89

Masikiri raEtani muEzirahi.
1 Ndichaimba nezvorudo rukuru rwaJehovha nokusingaperi;
ndichazivisa kutendeka kwenyu nomuromo wangu kuzvizvarwa zvose.
2 Ndichaparidza kuti rudo rwenyu runomira rwakasimba nokusingaperi,
uye kuti muchasimbisa kutendeka kwenyu kudenga chaiko.

3 Imi makati, “Ndakaita sungano nomusanangurwa wangu,
ndakapika kuna Dhavhidhi muranda wangu, ndichiti,
4 ‘Ndichasimbisa imba yako nokusingaperi,
uye ndichasimbisa chigaro chako choushe kuzvizvarwa zvose.’ ”
Sera

5 Matenga anorumbidza zvishamiso zvenyu, imi Jehovha,
kutendeka kwenyuwo muungano yavatsvene.
6 Nokuti ndianiko kudenga kumusoro angaenzaniswa naJehovha?
Ndianiko akaita saJehovha pakati pezvisikwa zvokudenga?
7 Mwari anotyiwa zvikuru paungano yavatsvene;
iye anotyisa kwazvo kupfuura vose vakamupoteredza.
8 Haiwa Jehovha Mwari Wamasimba Ose, ndianiko akaita semi?
Mune simba, imi Jehovha, uye kutendeka kwenyu kunokupoteredzai.

9 Munotonga pamusoro pokusunda kwegungwa;
mafungu aro paanosimuka, munoanyaradza.
10 Makapwanya Rahabhi somumwe wavakaurayiwa;
makaparadzira vavengi venyu noruoko rwenyu rune simba.
11 Matenga ndeenyu, nenyika ndeyenyuwo;
makavamba nyika nezvose zviri mairi.
12 Ndimi makasika kumusoro nezasi;
Tabhori neHerimoni zvinoimbira zita renyu nomufaro.
13 Ruoko rwenyu rune simba;
chanza chenyu chakasimba, ruoko rwenyu rworudyi rwakasimudzwa.

14 Kururama nokururamisira ndidzo nheyo dzechigaro chenyu choushe;
rudo nokutendeka zvinokutungamirirai.
15 Vakaropafadzwa avo vakadzidza kukurumbidzai,
vanofamba muchiedza pamberi penyu, imi Jehovha.
16 Vanofara muzita renyu zuva rose;
vanofara mukururama kwenyu.
17 Nokuti imi ndimi kubwinya nesimba ravo,
uye nenyasha dzenyu munosimudzira runyanga rwedu.
18 Zvirokwazvo, nhoo yedu ndeyaJehovha,
mambo wedu, iye Mutsvene oga waIsraeri.

19 Ipapo makataura muchiratidzo,
mukati, kuvanhu venyu vakatendeka:
“Ndakaisa simba pamusoro pemhare;
ndakasimudzira jaya pakati pavanhu.
20 Ndakawana Dhavhidhi muranda wangu;
ndakamuzodza namafuta matsvene.
21 Ruoko rwangu ruchamutsigira;
zvirokwazvo chanza changu chichamusimbisa.
22 Hakuna muvengi achamuripisa mutero;
hakuna munhu akaipa achamudzvinyirira.
23 Ndichapwanya vavengi vake pamberi pake,
uye ndicharovera pasi vadzivisi vake.
24 Rudo rwangu rwakatendeka ruchava naye,
uye runyanga rwake ruchasimudzirwa muzita rangu.
25 Ndichaisa ruoko rwake pamusoro pegungwa,
ruoko rwake rworudyi pamusoro penzizi.
26 Iye achadana kwandiri, achiti, ‘Ndimi Baba vangu,
Mwari wangu, Dombo noMuponesi wangu.’
27 Ndichamugadzawo kuti ave dangwe rangu,
iye anokudzwa zvikuru pamadzimambo enyika.
28 Ndichachengetedza rudo rwangu kwaari nokusingaperi,
uye sungano yangu naye haitongoperi.
29 Ndichasimbisa imba yake nokusingaperi,
uye nechigaro chake choushe chero matenga achingovapo.

30 “Kana vana vake vakasiya murayiro wangu,
uye vakasatevera zvandakatema,
31 kana vakazvidza mitemo yangu,
uye vakakoniwa kuchengeta mirayiro yangu,
32 ndicharanga chivi chavo neshamhu,
uye kuipa kwavo nokurova kukuru;
33 asi handizobvisi rudo rwangu kwavari,
kana kuzombopandukira kutendeka kwangu.
34 Handizozvidzi sungano yangu
kana kushandura zvakarehwa nemiromo yangu.
35 Kamwe chete, ndakapika noutsvene hwangu,
uye handingarevi nhema kuna Dhavhidhi,
36 kuti imba yake icharamba iripo nokusingaperi
uye chigaro chake choushe chichagara pamberi pangu sezuva;
37 chichasimbiswa nokusingaperi somwedzi,
chapupu chakatendeka chiri kudenga.”
Sera

38 Asi imi makaramba, makavenga,
makatsamwira kwazvo muzodziwa wenyu.
39 Makaparadza sungano yomuranda wenyu
uye mukasvibisa korona yake muguruva.
40 Makaputsa masvingo ake ose
mukaita nhare dzake matongo.
41 Vose vanopfuura napo vanomupamba;
ava chiseko chavavakidzani vake.
42 Makasimudzira ruoko rworudyi rwavavengi vake;

makaita kuti vavengi vake vose vafare.
43 Makadzosera shure munondo wake unopinza,
uye hamuna kumutsigira pakurwa.
44 Makagumisa kubwinya kwake,
mukawisira pasi chigaro chake choushe.
45 Makatapudza mazuva oujaya hwake;
makamufukidza nejasi renyadzi.
Sera

46 Haiwa Jehovha kusvikira riniko? Muchazvivanza nokusingaperi here?
Hasha dzenyu dzichapisa somoto kusvikira riniko?
47 Rangarirai kuti upenyu hwangu hunopfuura sei.
Nokuti makasikira vanhu vose zvisina maturo!
48 Ko, munhu ndoupi angararama akasaona rufu,
kana angazviponesa pasimba reguva?
Sera
49 Haiwa Ishe, rudo rwenyu rukuru rwekare rwuripiko,
irwo rwamakapika nokutendeka kwenyu kuna Dhavhidhi?
50 Rangarirai, Ishe kuti muranda wenyu aisekwa sei,
kuti ndaitakura sei muchipfuva changu kutuka kwendudzi dzose,
51 kutuka uko vavengi venyu vaikusekai nako, imi Jehovha,
pavaiseka nhambwe imwe neimwe yomuzodziwa wenyu.

52 Jehovha ngaarumbidzwe nokusingaperi!
Ameni naAmeni.

# BHUKU 4

## 90

*Mapisarema 90–106*
Munyengetero waMozisi munhu waMwari.
1 Jehovha, imi makava ugaro hwedu
kuzvizvarwa zvose.
2 Makomo asati azvarwa
uye musati mabudisa nyika nepasi rose,
kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi muri Mwari.

3 Munodzosera vanhu kuguruva zvakare, muchiti,
“Dzokerai kuguruva, imi vanakomana vavanhu.”
4 Nokuti pamberi penyu makore chiuru
akangofanana nezuva richangopfuura,
kana senguva yokurinda usiku.
5 Munokukura vanhu pakuvata kworufu;
vakaita sebundo idzva ramangwanani,
6 kunyange richimera riri idzva mangwanani,
nenguva yamadekwana rinenge raoma uye rasvava.

7 Tapera nokutsamwa kwenyu
uye tinovhundutswa nehasha dzenyu.
8 Makaisa zvakaipa zvedu pamberi penyu,
makaisa zvivi zvedu zvakavanzika muchiedza chokuvapo kwenyu.
9 Mazuva edu ose anopfuura napasi pehasha dzenyu;
tinopedza makore edu nokuchema.

10 Uwandu hwamazuva edu hunosvika makore makumi manomwe,
kana makumi masere, kana tiine simba;
kunyange zvakadaro uwandu hwawo hunongova nhamo nokusuwa,
nokuti anokurumidza kupfuura, uye isu tobhururuka toenda.

11 Ndianiko anoziva simba rokutsamwa kwenyu?
Nokuti hasha dzenyu dzakakura sokutyiwa kwakakufanirai imi.
12 Tidzidzisei kuverenga mazuva edu zvakanaka,
kuti tiwane mwoyo wouchenjeri.

13 Dzokai, imi Jehovha! Zvichadaro kusvikira riniko?
Ivai netsitsi pamusoro pavaranda venyu.
14 Tigutsei mangwanani norudo rwenyu rusingaperi,
kuti tigoimba nomufaro tigofara mazuva edu ose.
15 Tifadzei zvinoenzana namazuva amakatitambudza,
samakore mazhinji atakaona nhamo.
16 Mabasa enyu ngaaratidzwe kuvaranda venyu,
nokubwinya kwenyu kuvana vavo.

17 Nyasha dzaIshe Mwari wedu ngadzive pamusoro pedu;
tisimbisirei mabasa amaoko edu, hongu,
simbisai basa ramaoko edu.

# Pisarema 91

1 Uyo anogara panzvimbo yokuvanda yeWokumusoro-soro
achazorora mumumvuri weWamasimba Ose.
2 Ndichati pamusoro paJehovha, “Ndiye utiziro hwangu nenhare yangu,
Mwari wangu, wandinovimba naye.”

3 Zvirokwazvo achakuponesa parugombe rwomuteyi
napadenda rinouraya.
4 Achakufukidza neminhenga yake,
uye uchawana utiziro pasi pamapapiro ake;
kutendeka kwake kuchava nhoo yako norusvingo rwako.
5 Haungatyiswi nokuvhundutsa kwousiku,
kana museve unopfurwa masikati,
6 kana hosha inofamba murima,
kana denda rinoparadza masikati.
7 Chiuru chingawa parutivi rwako,
zviuru gumi kurudyi pako,
asi hazvingaswederi kwauri.
8 Uchangozviona nameso ako chete,
uye uchaona kurangwa kwavakaipa.

9 Kana ukaita Wokumusoro-soro ugaro hwako,
kunyange Jehovha, iye utiziro hwangu,
10 ipapo hapana chakaipa chichakuwira,
hakuna njodzi ichasvika patende rako.
11 Nokuti acharayira vatumwa vake pamusoro pako,
kuti vakuchengete panzira dzako dzose;
12 vachakusimudza mumaoko avo,
kuti rutsoka rwako rurege kugumburwa padombo.

13 Uchatsika pamusoro peshumba napamusoro pechiva;
uchatsika-tsika shumba huru nenyoka.

14 "Nokuti anondida," ndizvo zvinotaura Jehovha, "neni ndichamununura;
ndichamudzivirira, nokuti anoziva zita rangu.
15 Achadana kwandiri, uye ndichamupindura;
ndichava naye pakutambudzika,
ndichamurwira uye ndichamukudza.
16 Ndichamugutsa noupenyu hurefu,
uye ndichamuratidza ruponeso rwangu."

# Pisarema 92

Pisarema. Rwiyo rweSabata.
1 Zvakanaka kurumbidza Jehovha
nokuimbira zita renyu nziyo, imi Wokumusoro-soro,
2 kuparidza rudo rwenyu mangwanani
nokutendeka kwenyu usiku,
3 nechiridzwa chine hungiso
gumi namaririro akanaka embira.

4 Nokuti munondifadza namabasa enyu, imi Jehovha;
ndinoimba nomufaro nokuda kwamabasa amaoko enyu.
5 Haiwa Jehovha, mabasa enyu makuru seiko,
ndangariro dzenyu dzakadzika sei!
6 Munhu asina njere haazivi,
mapenzi haanzwisisi,
7 kuti kunyange vakaipa vachimera souswa,
uye vaiti vezvakaipa vose vachikura,
vachaparadzwa nokusingaperi.

8 Asi imi, iyemi Jehovha, munosimudzirwa nokusingaperi.

9 Nokuti zvirokwazvo vavengi venyu, imi Jehovha,
zvirokwazvo vavengi venyu vachaparadzwa;
vaiti vezvakaipa vose vachaparadzirwa.
10 Makasimudzira runyanga rwangu sorwenyati;
mafuta akaisvonaka akadururirwa pamusoro pangu.
11 Meso angu akaona kukundwa kwavadzivisi vangu;
nzeve dzangu dzakanzwa kuparadzwa kwavavengi vangu vakaipa.

12 Vakarurama vachakura kwazvo somuchindwe,
vachakura somusidhari weRebhanoni;
13 wakadyarwa muimba yaJehovha,
vachakura kwazvo muvanze dzaMwari wedu.
14 Vacharamba vachibereka zvibereko pakukwegura kwavo,
vachagara vari vanyoro uye vari vatsva.
15 Vachaparidza kuti, "Jehovha akarurama;
ndiye Dombo rangu, uye maari hamuna chakaipa."

# Pisarema 93

1 Jehovha anobata ushe, akashongedzwa noumambo;

Jehovha akashongedzwa noumambo uye akafukidzwa nesimba.
Nyika yakateyiwa zvakasimba; haingazungunuswi.
2 Chigaro chenyu choushe chakasimbiswa kare kare;
imi muripo nokusingaperi.

3 Haiwa Jehovha, makungwa akasimudza,
makungwa akasimudza manzwi awo;
makungwa akasimudza mafungu anotinhira.
4 Mukuru kukunda kutinhira wemvura zhinji,
mukuru kukunda mafungu egungwa,
Jehovha ari kumusoro ndiye mukuru.

5 Zvamakatema hazvishanduki;
utsvene hunofukidza imba yenyu imi Jehovha,
kwamazuva asingaperi.

# Pisarema 94

1 Haiwa Jehovha, imi Mwari anotsiva,
haiwa Mwari iyemi munotsiva, penyai.
2 Simukai, imi Mutongi wenyika;
tsivai vanozvikudza zvakavafanira.
3 Haiwa Jehovha, vakaipa vachasvika riniko,
vachasvika riniko vakaipa vachingofara?

4 Vanodurura mashoko okuzvikudza;
vose vanoita zvakaipa vazere nokuzvirumbidza.
5 Vanopwanya vanhu venyu, imi Jehovha,
vanodzvinyirira nhaka yenyu.
6 Vanouraya chirikadzi nomweni;
vanoponda nherera.
7 Vanoti, "Jehovha haaoni;
Mwari waJakobho haana hanya."

8 Nzwisisai, imi vasina njere pakati pavanhu;
imi mapenzi, muchava vakachenjera riniko?
9 Ko, iye akasima nzeve, haanganzwi here?
Iye akaumba ziso haangaoni here?
10 Ko, iye anoranga ndudzi haangarangi here?
Anodzidzisa vanhu angashayiwa zivo here?
11 Jehovha anoziva mirangariro yavanhu;
anoziva kuti haina maturo.

12 Akaropafadzwa munhu anorangwa nemi, iyemi Jehovha,
munhu wamunodzidzisa pamurayiro wenyu;
13 munomuzorodza pamazuva enhamo,
kusvikira akaipa achererwa gomba.
14 Nokuti Jehovha haangarambi vanhu vake;
haangambosiyi nhaka yake.
15 Kururamisira kuchawanikwa nokuda kwevakarurama,
uye vose vakarurama pamwoyo vachakutevera.

16 Ndianiko achandirwira pane vakaipa?
Ndianiko achandibatsira pavaiti vezvakaipa?
17 Dai Jehovha asina kundibatsira,
ndingadai ndakakurumidza kugara parunyararo rworufu.
18 Pandakati, "Rutsoka rwangu rwotedzemuka,"
rudo rwenyu, imi Jehovha, rwakanditsigira.
19 Pandakava nokufunganya kukuru mandiri,
kunyaradza kwenyu kwakandivigira mufaro kumweya wangu.

20 Ko, chigaro choushe chino uori chingashamwaridzana nemi here,
icho chinouyisa kutambudzika muzvirevo zvacho?
21 Vanobatana pamwe chete kuti varwise vakarurama,
vachipomera mhosva yorufu kuna vasina mhosva.
22 Asi Jehovha ndiye ava nhare yangu,
uye Mwari wangu ndiye dombo randinotizira.
23 Achavatsiva nokuda kwezvivi zvavo,
uye achavaparadza nokuda kwezvakaipa zvavo;
Jehovha Mwari wedu achavaparadza.

# Pisarema 95

1 Uyai, tiimbire Jehovha nomufaro;
ngatidanidzirei kuDombo roruponeso rwedu.
2 Ngatisvikei pamberi pake nokuvonga
uye timukudze nenziyo.

3 Nokuti Jehovha ndiye Mwari mukuru,
Mambo mukuru pamusoro pavamwari vose.
4 Nzvimbo dzakadzika dzapanyika dziri muruoko rwake,
uye misoro yamakomo ndeyake.
5 Gungwa nderake, nokuti ndiye akariita,
uye maoko ake akaumba nyika yakaoma.

6 Uyai tikotame, tinamate,
ngatipfugamei pamberi paJehovha Muiti wedu;
7 nokuti ndiye Mwari wedu,
uye isu tiri vanhu vanofudzwa naye,
makwai anochengetwa naye.

Nhasi kana muchinzwa inzwi rake,
8 musaomesa mwoyo yenyu sezvamakaita paMeribha,
sezvamakaita pazuva riya paMasa mugwenga,
9 pandakaedzwa namadzibaba enyu
kunyange vakanga vaona zvandakanga ndaita.
10 Ndakatsamwira rudzi urwu kwamakore makumi mana;
ndakati, "Ava vanhu vane mwoyo yakatsauka,
uye havana kuziva nzira dzangu."
11 Saka ndakapika pakutsamwa kwangu ndikati,
"Havangazombopindi pazororo rangu."

# Pisarema 96

1 Imbirai Jehovha rwiyo rutsva;

imbirai Jehovha, nyika yose.
2 Imbirai Jehovha, rumbidzai zita rake;
paridzai ruponeso rwake zuva nezuva.
3 Paridzai kubwinya kwake pakati pendudzi,
namabasa ake anoshamisa pakati pamarudzi.

4 Nokuti Jehovha mukuru uye anofanira kurumbidzwa,
iye anofanira kutyiwa pamusoro pavamwari vose.
5 Nokuti vamwari vose vendudzi zvifananidzo,
asi Jehovha akaita matenga.
6 Kubwinya noumambo zviri pamberi pake;
simba nokubwinya zviri munzvimbo yake tsvene.

7 Remekedzai Jehovha, imi ndudzi dzose,
ipai rukudzo nesimba kuna Jehovha.
8 Ipai kuna Jehovha rukudzo rwakafanira zita rake;
uyai nechipiriso mugopinda pavanze dzake.
9 Namatai Jehovha mukubwinya kwoutsvene hwake;
dederai pamberi pake, imi nyika dzose.

10 Muti pakati pendudzi, “Jehovha ndiye anobata ushe.”
Nyika yakanyatsosimbiswa, haingazunguniswi;
uye achatonga marudzi nokururama.
11 Kudenga denga ngakufare, nyika ngaifarisise;
gungwa ngaritinhire, nezvose zviri mariri;
12 masango ngaafare, nezvose zviri maari.
Ipapo miti yose yesango ichaimba nomufaro;
13 ichaimba pamberi paJehovha, nokuti anouya,
anouya kuzotonga nyika.
Achatonga nyika nokururama,
uye vanhu nechokwadi chake.

# Pisarema 97

1 Jehovha anobata ushe, nyika ngaifare;
zviwi zviri kure ngazvifare.

2 Makore nerima guru zvakamukomberedza;
kururama nokururamisira ndidzo nheyo dzechigaro chake choushe.
3 Moto unoenda mberi kwake
uchipisa vavengi vake kumativi ose.
4 Mheni yake inovhenekera pasi;
nyika inozviona igodedera.
5 Makomo anonyungudika senamo pamberi paJehovha,
pamberi paIshe wenyika yose.
6 Kudenga denga kunoparidza kururama kwake,
uye vanhu vose vanoona kubwinya kwake.

7 Vose vanonamata zvifananidzo vanonyadziswa,
avo vanozvirumbidza nezvifananidzo,
munamatei, imi vamwari vose!

8 Zioni rinonzwa rigofara uye misha yeJudha inofara nokuda kwezva-
makatonga, imi Jehovha.
9 Nokuti imi, iyemi Jehovha, ndimi Wokumusoro-soro pasi pose;
makasimudzirwa kupfuura vamwari vose.

10 Vanoda Jehovha ngavavenge zvakaipa,
nokuti anorinda upenyu kwavanhu vake vakatendeka
uye anovarwira muruoko rwowakaipa.
11 Chiedza chinovhenekera pamusoro pavakarurama,
nomufaro pamusoro pavane mwoyo yakarurama.
12 Farai muna Jehovha, imi vakarurama,
uye mukudze zita rake dzvene.

# Pisarema 98

Pisarema.
1 Imbirai Jehovha rwiyo rutsva,
nokuti akaita zvinhu zvinoshamisa;
ruoko rwake rworudyi nechanza chake
chitsvene zvakamukundisa.
2 Jehovha akazivisa ruponeso rwake
uye akaratidza kururama kwake kundudzi,
3 Akarangarira rudo rwake
nokutendeka kwake kuimba yaIsraeri;
migumo yose yenyika yakaona
ruponeso rwaMwari wedu.

4 Danidzirai nomufaro kuna Jehovha, imi nyika yose,
imbai nziyo mupembere nomufaro;
5 imbirai Jehovha nembira,
nembira nenzwi rokuimba,
6 nehwamanda nokurira kworunyanga rwegondobwe,
danidzirai nomufaro pamberi paJehovha, iye Mambo.

7 Gungwa ngaritinhire, nezvose zviri mariri,
nenyika, navose vanogaramo.
8 Nzizi ngadziuchire maoko adzo,
makomo ngaaimbe pamwe chete nomufaro;
9 ngaaimbe pamberi paJehovha,
nokuti anouya kuzotonga nyika.
Achatonga nyika zvakarurama
navanhu nokururamisira.

# Pisarema 99

1 Jehovha anobata ushe,
ndudzi ngadzidedere;
anogara pachigaro choushe chiri pakati pamakerubhi,
nyika ngaizungunuke.
2 Jehovha mukuru paZioni;
iye akasimudzirwa pamusoro pendudzi dzose.
3 Ngavarumbidze zita renyu guru rinotyisa,
iye mutsvene.

4 Mambo mukuru, anoda kururamisira,
imi makasimbisa kururama;
muna Jakobho makaita
kururamisira nokururama.
5 Kudzai Jehovha Mwari wedu
nokunamata pachitsiko chetsoka dzake;
iye mutsvene.

6 Mozisi naAroni vakanga vari pakati pavaprista vake,
Samueri akanga ari pakati paavo
vaidana kuzita rake,
vakadana kuna Jehovha akavapindura.
7 Akataura kwavari ari mushongwe yegore;
vakachengeta zvaakatema nemitemo yaakavapa.

8 Haiwa Jehovha Mwari wedu,
imi makavapindura;
makanga muri Mwari anokanganwira kuna Israeri,
kunyange makavaranga pane zvavakaita.
9 Kudzai Jehovha Mwari wedu
mumunamate pagomo rake dzvene,
nokuti Jehovha Mwari wedu ndiye mutsvene.

# Pisarema 100

Pisarema rokuvonga.
1 Danidzirai nomufaro kuna Jehovha, imi nyika dzose.
2 Shumirai Jehovha nomufaro;
uyai pamberi pake nenziyo dzomufaro.
3 Zivai kuti Jehovha ndiye Mwari.
Ndiye akatisika, uye tiri vake;
tiri vanhu vake, namakwai anofudzwa naye.

4 Pindai pamasuo ake nokuvonga
nomuvanze dzake nokurumbidza;
chimuvongai uye murumbidze zita rake.
5 Nokuti Jehovha akanaka uye rudo rwake runogara nokusingaperi;
kutendeka kwake kunoramba kuripo kuzvizvarwa zvose.

# Pisarema 101

Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndichaimba nezvorudo rwenyu nokururamisira kwenyu;
kwamuri, imi Jehovha, ndichaimba nziyo dzokurumbidza.
2 Ndichangwarira kurarama upenyu husina chahungapomerwa.
Muchauya riniko kwandiri?

Ndichafamba mumba mangu
nomwoyo usina chaungapomerwa.
3 Handingaisi chinhu chakaipa
pamberi pangu.

Ndinovenga mabasa avanhu vasingatendi;
haanganamatiri kwandiri.

4 Vanhu vane mwoyo yakatsauka vachava kure neni;
handichazovi nechokuita nechakaipa.

5 Ani naani anoitira muvakidzani wake makuhwa pakavanda,
iyeye ndiye wandichaita kuti anyarare;
ani naani ane meso anozvikudza nomwoyo unozvikudza,
iyeye handingamuregi akadaro.

6 Meso angu achava pamusoro pavakatendeka vari munyika,
kuti vagare neni;
iye ane mafambiro asina chaangapomerwa,
achandishumira.

7 Hakuna munhu anonyengera
achagara mumba mangu;
hakuna munhu anotaura nhema
achamira pamberi pangu.

8 Mangwanani oga oga ndichaita kuti
vakaipa vose vari panyika vanyarare;
ndichauraya vaiti vezvakaipa vose,
vabve muguta raJehovha.

# Pisarema 102

Munyengetero womunhu anotambudzika. Paanenge aziya uye odurura kuchema kwake pamberi paJehovha.

1 Inzwai munyengetero wangu, imi Jehovha;
kuchemera kwangu rubatsiro ngakusvike kwamuri.
2 Regai kundivanzira chiso chenyu
pandinenge ndichitambudzika.
Rerekerai nzeve yenyu kwandiri;
pandinokudanai, ndipindurei nokukurumidza.

3 Nokuti mazuva angu anopera soutsi;
mapfupa angu anopisa samazimbe anopfuta.
4 Mwoyo wangu warohwa uye waoma souswa;
ndinokanganwa kudya zvokudya zvangu.
5 Nokuda kwokugomera kwangu
kukuru ndaonda zvokuti ganda rangu ranamatira pamapfupa.
6 Ndafanana nezizi romugwenga,
sezizi riri pakati pamatongo.
7 Ndinovata ndakasvinura,
ndava seshiri iri yoga pamusoro pedenga remba.
8 Zuva rose vavengi vangu vanondishungurudza;
avo vanondipengera vanoshandisa zita rangu sechituko.
9 Nokuti ndinodya madota sechokudya changu,
uye ndinovhenganisa zvokunwa zvangu nemisodzi,
10 nokuda kwehasha dzenyu huru,
nokuti makandisimudza mukandikanda parutivi.
11 Mazuva angu akaita somumvuri wamadekwana;
ndinosvava souswa.

12 Asi imi, iyemi Jehovha, munogara pachigaro choushe nokusingaperi;
mukurumbira wenyu uripo kusvikira kuzvizvarwa zvose.
13 Imi muchasimuka mugonzwira Zioni tsitsi,
nokuti ndiyo nguva yokurinzwira nyasha;
nguva yakatarwa yasvika.
14 Nokuti matombo aro anokosha kuvaranda venyu;
guruva raro chairo rinovaendesa kugomba.
15 Ndudzi dzichatya zita raJehovha,
madzimambo ose enyika achatya kubwinya kwenyu.
16 Nokuti Jehovha achavakazve Zioni,
agozviratidza pakubwinya kwake.
17 Achadavira minyengetero yavanotambura;
haangazvidzi chikumbiro chavo.

18 Izvi ngazvinyorerwe zvizvarwa zvamangwana,
kuti vanhu vasati vasikwa vagorumbidza Jehovha vachiti,
19 "Jehovha akatarira pasi ari panzvimbo yake tsvene yakakwirira,
ari kudenga akacherechedza pasi,
20 kuti anzwe kugomera kwavasungwa
agosunungura avo vakatongerwa rufu."
21 Saka zita raJehovha richaparidzwa muZioni,
nokurumbidzwa kwake muJerusarema,
22 panoungana marudzi noushe
kuti vanamate Jehovha.

23 Panguva youpenyu hwangu akatapudza simba rangu;
akaita kuti mazuva angu ave mashoma.
24 Saka ndakati,
"Regai kundibvisa, imi Mwari wangu, pakati pamazuva angu;
makore enyu anoramba aripo kusvikira kuzvizvarwa zvose.
25 Pamavambo makateya nheyo dzenyika,
uye matenga ibasa basa ramaoko enyu.
26 Izvo zvichaparara, asi imi munogara muripo;
zvose zvichasakara senguo. Senguo muchavabvisa uye vacharaswa.
27 Asi imi mucharamba makadaro,
uye makore enyu haatongogumi.
28 Vana vavaranda venyu vachagara pamberi penyu;
zvizvarwa zvavo zvichasimbiswa pamberi penyu."

# Pisarema 103

Pisarema raDhavhidhi.
1 Rumbidza Jehovha, iwe mweya wangu;
zvose zviri mukati mangu, ngazvirumbidze zita rake dzvene.
2 Rumbidza Jehovha, iwe mweya wangu,
uye urege kukanganwa mikomborero yake yose,
3 iye anokanganwira zvivi zvako zvose,
uye anoporesa kurwara kwako kwose,
4 anodzikinura upenyu hwako kubva pagomba,
uye anokushongedza korona yorudo netsitsi,
5 anogutsa zvido zvako nezvinhu zvakanaka,
kuti uduku hwako huvandudzwe sohwegondo.

6 Jehovha anoita zvakarurama,
uye anoruramisira vose vakadzvinyiririrwa.

7 Akazivisa nzira dzake kuna Mozisi,
namabasa ake kuvanhu veIsraeri:
8 Jehovha ane tsitsi nenyasha,
anononoka kutsamwa, azere norudo.
9 Haangarambi achipomera mhosva,
uye haangarambi akatsamwa nokusingaperi;
10 haatiitiri sezvakafanira zvivi zvedu,
kana kutipa mubayiro sezvakafanira zvakaipa zvedu.
11 Nokuti sokukwirira kwaakaita kudenga kumusoro kwenyika,
ndizvo zvakaita kukura kworudo rwake kuna vanomutya;
12 sokuva kure kwamabvazuva namavirira,
saizvozvo akabvisa kudarika kwedu kwatiri.
13 Sokunzwira tsitsi kunoita baba vana vavo,
saizvozvo Jehovha ane tsitsi pamusoro pavanomutya;
14 nokuti anoziva kuti takaumbwa sei,
anorangarira kuti tiri guruva.
15 Kana ari munhu zvake, mazuva ake akaita souswa,
anokura seruva resango;
16 mhepo inorova napamusoro paro onei raenda,
uye nzvimbo yaranga riri haicharirangaririzve.
17 Asi kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi,
rudo rwaJehovha rwuri pane avo vanomutya,
nokururama kwake kuvana vavana vavo,
18 naavo vanochengeta sungano yake
uye vanorangarira kuita zvaakatema.

19 Jehovha akasimbisa chigaro chake choushe kudenga,
uye ushe hwake hunotonga zvinhu zvose.

20 Rumbidzai Jehovha, imi vatumwa vake,
nemi vane simba vanoita zvaakarayira,
vanoteerera shoko rake.
21 Rumbidzai Jehovha, imi hondo dzose dzokudenga,
imi varanda vake vanoita kuda kwake.
22 Rumbidzai Jehovha, imi mabasa ake ose
kwose kwose kuno umambo hwake.

Rumbidza Jehovha, mweya wangu.

# Pisarema 104

1 Rumbidza Jehovha, mweya wangu.

Haiwa Jehovha Mwari wangu, muri mukuru kwazvo; makashongedzwa nokubwinya noumambo.
2 Iye anozviputira muchiedza seanozviputira nenguo;
anotatamura matenga kunge tende
3 uye anogadzika matanda edzimba dzake dzapamusoro pamusoro pemvura yadzo zhinji.
Anoita makore ngoro dzake,
uye anokwira pamapapiro emhepo.

4 Anoita mhepo nhume dzake,
namazhenje omoto varanda vake.

5 Akamisa nyika pamusoro penheyo dzayo;
haingatongozungunuswi.
6 Makaifukidza nokwakadzika somunofukidza nenguo;
mvura zhinji yakamira pamusoro pamakomo.
7 Asi pakutsiura kwenyu mvura zhinji yakatiza,
pakunzwa kutinhira wenyu yakatiza;
8 yakayerera napamusoro pamakomo,
ikadzika nomumipata,
ichienda kunzvimbo yamakairayira.
9 Makatara muganhu waisingadariki;
haichazombofukidzizve nyika.

10 Anoita kuti matsime adire mvura mumipata;
inoyerera napakati pamakomo.
11 Anonwisa mhuka dzose dzesango mvura;
mbizi dzinopedza nyota yadzo.
12 Shiri dzedenga dzinovaka matendere adzo pedyo nemvura;
dzinorira dziri pakati pamatavi.
13 Anodiridza makomo ari padzimba dzake dzapamusoro;
nyika inogutswa nezvibereko zvebasa rake.
14 Anomeresa uswa hwemombe,
nembeu kuti vanhu vasakure,
achibudisa zvokudya kubva pasi:
15 iyo waini inofadza mwoyo womunhu,
namafuta anopenyesa chiso chake,
nechingwa chinosimbisa mwoyo wake.
16 Miti yaJehovha inodiridzwa zvakanaka,
iyo misidhari yeRebhanoni yaakasima.
17 Shiri dzinoruka matendere adzo ipapo;
dambiramurove rakaita imba yaro mumiti yomupaini.
18 Makomo marefu ndeengururu;
mapako ndiwo utiziro hwembira.

19 Mwedzi unotara nguva,
uye zuva rinoziva nguva yokuvira kwaro.
20 Munouyisa rima, usiku hugovapo,
uye zvikara zvose zvesango zvinobuda kundovhima.
21 Shumba dzinoomba dzichitsvaka nyama,
uye dzinotsvaka zvokudya zvadzo kubva kuna Mwari.
22 Kana zuva robuda, idzo dzinoenda kure;
dzinodzokera dzondovata mumapako adzo.
23 Ipapo munhu anobuda oenda kubasa rake,
kumushando wake kusvikira madekwana.

24 Haiwa Jehovha, mabasa enyu manganiko!
Makaaita ose nenjere;
nyika izere nezvisikwa zvenyu.
25 Hero gungwa, rakakura uye rakapamhama,

rine zvisikwa zvisingagoni kuverengwa,
zvipenyu zvikuru nezviduku.
26 Hezvo zvikepe zvinofamba-famba, nengwena,
yamakaumba kuti itambemo.

27 Zvose izvi zvinotarira kwamuri
kuti muzvipe zvokudya zvazvo nenguva yakafanira.
28 Pamunozvipa, zvinozviunganidza;
pamunozarura ruoko rwenyu, izvo zvinogutswa nezvinhu zvakanaka.
29 Pamunovanza chiso chenyu,
izvo zvinovhundutswa;
pamunozvitorera mweya,
izvo zvinofa uye zvinodzokera kuguruva.
30 Pamunotuma Mweya wenyu,
izvo zvinosikwa,
uye munovandudza chiso chenyika.

31 Kubwinya kwaJehovha ngakugare nokusingaperi;
Jehovha ngaafare nebasa rake,
32 iye anotarira nyika, yobva yabvunda,
iye anobata makomo obva apwititika utsi.

33 Ndichaimbira Jehovha upenyu hwangu hwose;
ndichaimbira Mwari wangu nziyo dzokurumbidza ndichiri mupenyu.
34 Kurangarira kwangu ngakumufadze,
pandinofara muna Jehovha.
35 Asi vatadzi ngavaparadzwe panyika,
uye vakaipa ngavarege kuzovapozve.

Rumbidza Jehovha, mweya wangu.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 105

1 Vongai Jehovha, danai kuzita rake;
zivisai zvaakaita pakati pendudzi.
2 Muimbirei, muimbirei nziyo dzokurumbidza;
rondedzerai mabasa ake ose anoshamisa.
3 Ngarikudzwe zita rake dzvene;
mwoyo yavanotsvaka Jehovha ngaifare.
4 Tarirai kuna Jehovha nokusimba rake;
tsvakai chiso chake nguva dzose.

5 Rangarirai zvishamiso zvaakaita,
mabasa ake, nezvaakatonga zvaakareva,
6 imi vana vaAbhurahama muranda wake,
haiwa vanakomana vaJakobho, vasanangurwa vake.
7 Ndiye Jehovha Mwari wedu;
kutonga kwake kuri munyika yose.

8 Anorangarira sungano yake nokusingaperi,

iro shoko raakarayira, kuchiuru chezvizvarwa,
9 sungano yaakaita naAbhurahama,
mhiko yaakapika kuna Isaka.
10 Akaisimbisa kuna Jakobho somutemo,
nokuna Israeri sesungano isingaperi achiti,
11 "Ndichapa nyika yeKenani kwauri
somugove wenhaka yako."

12 Pavaiva vashoma pakuwanda,
zvirokwazvo vari vashoma, uye vari vaeni mairi,
13 vakadzungaira vachibva kuno rumwe rudzi kusvikira kuno rumwe rudzi.
Kubva kuno humwe ushe vachienda kuno humwe.
14 Haana kutendera munhu kuvadzvinyirira;
akatuka madzimambo nokuda kwavo achiti,
15 "Musabata vazodziwa vangu;
musaitira vaprofita vangu zvakaipa."

16 Akadana nzara panyika
ikaparadza zvose zvaiuyisa zvokudya;
17 uye akatuma munhu pamberi pavo,
iye Josefa, akatengeswa senhapwa.
18 Vakakuvadza tsoka dzake nezvisungo
mutsipa wake ukaiswa mumatare esimbi,
19 kusvikira zvaakareva zvazadziswa,
kusvikira shoko raJehovha raratidza kutendeka kwake.
20 Mambo akatuma shoko kuti asunungurwe,
vatongi vavanhu vakamuregedza.
21 Akamuita tenzi weimba yake,
nomutongi wepfuma yake yose,
22 kuti arayire machinda ake sezvaaida
uye adzidzise vakuru vake njere.

23 Ipapo Israeri akapinda muIjipiti;
Jakobho akagara somweni munyika yaHamu.
24 Jehovha akawanza vanhu vake chose;
akavaita vazhinji kwazvo kupinda vavengi vavo,
25 avo vaakashandura mwoyo yavo kuti ivenge vanhu vake,
kuti varangane pamusoro pavaranda vake.
26 Akatuma Mozisi muranda wake,
naAroni, waakanga asarudza.
27 Vakaita zviratidzo zvinoshamisa pakati pavo,
izvo zvishamiso zvake munyika yaHamu.
28 Akatumira rima akaita kuti nyika ive murima,
nokuti havana kumukira shoko rake here?
29 Akashandura mvura yavo zhinji ikava ropa,
zvikaita kuti hove dzavo dzife.
30 Nyika yavo yakazara namatatya,
akapinda mudzimba dzamadzimambo avo.
31 Akataura mapupira enhunzi akauya,
nenda munyika yavo yose.

32 Akashandura mvura yavo ikava chimvuramabwe,
nemheni munyika yavo yose;
33 akarova mizambiringa yavo nemionde yavo,
akaparadza miti yomunyika yavo.
34 Akataura, mhashu dzikauya,
namagutaguta asingaverengeki;
35 zvakadya miriwo minyoro yose munyika yavo,
zvikadya zvibereko zvevhu ravo.
36 Ipapo akarova matangwe munyika yavo,
zvibereko zvokutanga zvesimba roujaya hwavo.

37 Akabudisa Israeri akaremerwa nesirivha negoridhe,
kwakanga kusina akagumburwa pakati pamarudzi avo.
38 Ijipiti yakafara pavakabva,
nokuti kutya vaIsraeri kwakanga kwavabata.
39 Akatatamura gore rikava chifukidzo,
uye moto kuti uvhenekere usiku.
40 Vakakumbira, iye akavauyisira zvihuta, uye akavagutsa nechingwa chakabva kudenga.
41 Akazarura dombo, mvura ikatubuka;
ikayerera mugwenga sorwizi.

42 Nokuti akarangarira mhiko yake tsvene
yaakapa Abhurahama muranda wake.
43 Akabudisa vanhu vake nomufaro,
vasanangurwa vake nokupembera kwomufaro;
44 akavapa nyika dzendudzi,
vakagara nhaka yakanga yatamburirwa navamwe,
45 kuti vachengete zvaakatema
uye vacherechedze mirayiro yake.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 106

1 Rumbidzai Jehovha.

Vongai Jehovha, nokuti akanaka;
nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
2 Ndianiko angaparidza mabasa aJehovha esimba,
kana kureva kurumbidzwa kwake kwose?
3 Vakaropafadzwa vanochengeta kururamisira,
vanogara vachiita zvakarurama.
4 Ndirangarirei, imi Jehovha, pamunoratidza nyasha kuvanhu venyu,
pamunovaponesa, mundibatsirewo,
5 kuti ndifadzwe nokubudirira kwavasanangurwa venyu,
kuti ndigovane pamufaro wavanhu venyu,
uye ndibatane nenhaka yenyu pakurumbidza.

6 Takatadza, sezvakaita madzibaba edu;
takaita zvakaipa uye takaita mabasa akaipa.
7 Madzibaba edu paakanga ari muIjipiti,

havana kumbofunga nezvezvishamiso zvenyu;
havana kurangarira tsitsi dzenyu zhinji,
asi vakakumukirai pagungwa, iro Gungwa Dzvuku.
8 Kunyange zvakadaro akavaponesa nokuda kwezita rake,
kuti simba rake guru rizivikanwe.
9 Akarayira Gungwa Dzvuku iro rikapwa;
uye akavafambisa napakadzika sevanopfuura nomugwenga.
10 Akavaponesa kubva muruoko rwomuvengi;
akavadzikinura kubva muruoko rwomuvengi.
11 Mvura zhinji yakafukidza vadzivisi vavo;
hakuna mumwe wavo akapona.
12 Ipapo vakatenda vimbiso dzake
vakaimba vachimurumbidza.

13 Asi vakakurumidza kukanganwa zvaakanga aita,
uye vakasamirira kurayira kwake.
14 Havana kuzvidzora pakukara kwavo mugwenga;
vakaedza Mwari murenje.
15 Saka akavapa zvavakakumbira,
asi akatuma chirwere chinopedza muviri pamusoro pavo.

16 Vakaitira Mozisi godo mumusasa,
naAroni, akanga akatsaurirwa kuna Jehovha.
17 Nyika yakazaruka ikamedza Dhatani;
ikaviga boka raAbhiramu.
18 Moto wakapfuta pakati pavateveri vavo;
murazvo ukaparadza vakaipa.

19 Vakaumba mhuru paHorebhi,
vakanamata chifananidzo chakaumbwa.
20 Vakatsinhanisa kubwinya kwavo
nomufananidzo wehando, inodya uswa.
21 Vakakanganwa Mwari akavaponesa,
uyo akanga aita zvinhu zvikuru muIjipiti,
22 mabasa anoshamisa munyika yaHamu
namabasa anotyisa paGungwa Dzvuku.
23 Saka akati, achavaparadza,
dai Mozisi, musanangurwa wake,
asina kumira pamberi pake kuti
adzore hasha dzake pakuvaparadza.

24 Ipapo vakazvidza nyika inofadza;
havana kutenda zvaakavimbisa.
25 Vakanyunyuta vari mumatende
avo vakasateerera Jehovha.
26 Saka akapika akasimudza ruoko rwake
kuti achavaparadza murenje,
27 achaparadza zvizvarwa zvavo pakati pendudzi,
agovaparadzira munyika dzose.

28 Vakazvibatanidza pamwe chete naBhaari wePeori,

uye vakadya zvibayiro zvakabayirwa vamwari vakafa.
29 Vakatsamwisa Jehovha namabasa avo akaipa,
uye denda rikavapo pakati pavo.
30 Asi Finehasi akasimuka,
akaita zvakarurama, denda rikaguma.
31 Izvozvo zvakanzi kwaari kururama
kusvikira kuzvizvarwa nezvizvarwa nokusingaperi.

32 Vakatsamwisa Jehovha pamvura zhinji yeMeribha,
uye Mozisi akaoneswa nhamo nokuda kwavo;
33 nokuti vakamukira Mweya waMwari,
Mozisi akataura nehasha nomuromo wake.

34 Havana kuparadza marudzi
sokurayirwa kwavakaitwa naJehovha,
35 asi vakavhengana nendudzi,
vakatora tsika dzavo.
36 Vakanamata zvifananidzo zvavo,
izvo zvakazova musungo kwavari.
37 Vakabayira vanakomana vavo
navanasikana vavo kumadhimoni.
38 Vakateura ropa risina mhosva,
iro ropa ravanakomana vavo neravanasikana vavo,
vavakabayira kuzvifananidzo zveKenani,
nyika ikasvibiswa neropa ravo.
39 Vakazvisvibisa nezvavakaita;
vakazviitisa ufeve namabasa avo.

40 Naizvozvo Jehovha akatsamwira vanhu vake,
akasema nhaka yake.
41 Akavaisa mumaoko endudzi,
uye vakatongwa navavengi vavo.
42 Vavengi vavo vakavadzvinyirira,
uye vakavaisa pasi pesimba ravo.
43 Akavarwira kakawanda,
asi ivo vakanga vakarerekera pakumumukira
vakaparadzwa muchivi chavo.

44 Asi akatarisa kutambudzika kwavo
paakanzwa kuchema kwavo;
45 akarangarira sungano yake nokuda kwavo,
uye akazvidemba nokuda kworudo rwake rukuru.
46 Akaita kuti vanzwirwe
tsitsi navose vakavatapa.

47 Tiponesei, imi Jehovha Mwari wedu,
uye mutiunganidze kubva kundudzi,
kuti tigovonga zita renyu dzvene.
Tigofara mukurumbidzwa kwenyu.

48 Jehovha ngaarumbidzwe, iye Mwari waIsraeri,

kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi.
Vanhu vose ngavati, “Ameni!”

Rumbidzai Jehovha.

# BHUKU 5

## 107

*Mapisarema 107–150*

1 Vongai Jehovha, nokuti akanaka;
rudo rwake runogara nokusingaperi.
2 Vakadzikinurwa naJehovha ngavadaro,
vaakadzikinura muruoko rwomuvengi,
3 avo vaakaunganidza kubva panyika dzose,
kubva kumabvazuva nokumavirira, nokumusoro nezasi.

4 Vamwe vakadzungaira murenje nomugwenga,
vachishayiwa nzira yokuenda kuguta kwavangagara.
5 Vakava nenzara nenyota,
uye upenyu hwavo hwakanga hwoparara.
6 Ipapo vakachema kuna Jehovha pakutambudzika kwavo,
akavarwira pakutambura kwavo.
7 Akavafambisa nenzira yakarurama
kuenda kuguta ravaizogara.
8 Vanhu ngavavonge Jehovha nokuda kworudo rwake rusingaperi,
uye nokuda kwamabasa anoshamisa aakavaitira,
9 nokuti anogutsa vane nyota,
uye vane nzara anovazadza nezvakanaka.

10 Vamwe vakagara murima nokusurikirwa kwakadzama,
vari vasungwa vanotambudzika muzvisungo zvamatare,
11 nokuti vakanga vamukira mashoko aMwari
uye vakazvidza kurayira kweWokumusoro-soro.
12 Saka akaita kuti vashande zvinorwadza;
vakagumburwa, uye pakanga pasina anovabatsira.
13 Ipapo vakachema kuna Jehovha pakutambudzika kwavo,
uye akavaponesa pakutambura kwavo.
14 Akavabudisa murima nomukusviba kwakadzika dzika,
uye akadambura ngetani dzavo.
15 Vanhu ngavavonge Jehovha nokuda kworudo rwake rusingaperi,
uye namabasa ake anoshamisa aakavaitira,
16 nokuti anopwanya masuo endarira,
uye akagura mazariro esimbi.

17 Vamwe vakava mapenzi nokuda kwenzira dzavo dzokumukira,
uye vakatambudzwa kwazvo nokuda kwezvakaipa zvavo.
18 Vakasema zvokudya zvose,
uye vakaswedera pamasuo orufu.
19 Ipapo vakachema kuna Jehovha pakutambudzika kwavo,
uye akavaponesa pakutambura kwavo.
20 Akatuma shoko rake uye akavaporesa;
akavanunura kubva paguva.

21 Vanhu ngavavonge Jehovha nokuda kworudo rwake rusingaperi,
uye namabasa ake anoshamisa aakavaitira.
22 Ngavabayire zvibayiro zvokuvonga,
uye vareve zvamabasa ake nenziyo dzomufaro.

23 Vamwe vakafamba rwendo pagungwa nezvikepe;
vakanga vari vashambadziri pamvura zhinji.
24 Vakaona mabasa aJehovha,
mabasa ake anoshamisa pakadzika.
25 Nokuti akataura uye akamutsa dutu
rikasimudza mafungu.
26 Vakaenda kumusoro kumatenga vakaendawo pasi kwakadzika;
mukutambudzika kwavo kushinga kwavo kwakanyongodeka.
27 Vakandeya vakadzedzereka savanhu vadhakwa; vakasvika pakuper-
erwa namazano.
28 Ipapo vakachema kuna Jehovha pakutambudzika kwavo,
uye akavabudisa pakutambura kwavo.
29 Akanyaradza dutu remhepo nezevezeve;
mafungu egungwa akanyarara kuti mwiro.
30 Vakafara parakadzikama,
uye akavatungamirira kwakachengetedzeka kwavaida.
31 Vanhu ngavavonge Jehovha nokuda kworudo rwake rusingaperi,
uye namabasa ake anoshamisa aakaitira vanhu.
32 Ngavamukudze paungano yavanhu,
uye vamurumbidze pagungano ramakurukota.

33 Akashandura nzizi dzikava gwenga,
hova dzinoerera dzikava nyika ine nyota,
34 uye nyika yezvibereko ikava gwenga romunyu,
nokuda kwezvakaipa zvavaigaramo.
35 Akashandura gwenga rikava madziva emvura,
nenyika yakaoma ikava zvitubu zvinoerera;
36 ndipo paakagarisa vane nzara,
uye vakavaka guta ravangagara.
37 Vakadyara minda, uye vakasima minda yemizambiringa,
ikabereka mukohwo wakanaka;
38 akavaropafadza, uye akavawanza zvikuru,
uye haana kutendera zvipfuwo zvavo kuparara.

39 Ipapo vakava vashoma, uye vakaninipiswa vakadzvinyiririrwa,
nenjodzi uye nokusuwa;
40 iye anodurura kuzvidzwa pamusoro pamakurukota,
akaita kuti vadzungaire musango risina nzira.
41 Akasimudza vanoshayiwa kubva mukutambudzika kwavo,
uye akawedzera mhuri dzavo samapoka amakwai.
42 Vakarurama vanozviona vagofara,
asi vakaipa vose vanodzivirwa miromo yavo.

43 Ani naani akachenjera ngaachengete zvinhu izvi,
uye arangarire rudo rukuru rwaJehovha.

# Pisarema 108

Rwiyo. Pisarema raDhavhidhi.

1 Mwoyo wangu wakasimba, Mwari imi;
ndichaimba uye ndichaimba zvakanaka nomwoyo wangu wose.
2 Muka iwe mutengeranwa nembira!
Ndichamutsa mambakwedza.
3 Haiwa Jehovha ndichakurumbidzai pakati pendudzi; ndichaimba nezvenyu pakati pamarudzi.
Kutendeka kwenyu kunosvika kumatenga.
4 Nokuti rudo rwenyu rukuru,
kupfuura kudenga denga;
5 Kudzwai, imi Mwari, kumusoro kwokudenga,
uye kurumbidzwa kwenyu ngakuve pamusoro penyika yose.

6 Tiponesei uye mutibatsire noruoko rwenyu rworudyi,
kuti vamunoda varwirwe.
7 Mwari akataura ari panzvimbo yake tsvene achiti,
"Pakukunda kwangu ndichaganhura Shekemu,
uye ndigoyera Mupata weSukoti.
8 Gireadhi ndeyangu, Manase ndowangu;
Efuremu inguwani yangu,
Judha itsvimbo yangu.
9 Moabhu ndiwo mudziyo wangu wokugezera,
pamusoro paEdhomu ndichapotsera shangu dzangu;
pamusoro paFiristia ndichapembera mukukunda."

10 Ndianiko achandiuyisa muguta rakakomberedzwa namasvingo?
Ndianiko achanditungamirira kuEdhomu?
11 Ko, hamusimi here, imi Mwari, iyemi makatiramba
uye mukasazobudazve kuenda nehondo dzedu?
12 Tibatsirei pamuvengi wedu,
nokuti rubatsiro rwomunhu haruna maturo.
13 Tichapiwa kukunda naMwari,
uye achatsika-tsika vavengi vedu.

# Pisarema 109

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.

1 Haiwa Mwari, imi wandinorumbidza,
regai kunyarara,
2 nokuti vanhu vakaipa vanonyengera vakandishamira miromo yavo;
vakataura nhema pamusoro pangu nendimi dzavo.
3 Vakandikomba namashoko okuvenga;
vanorwa neni pasina mhosva.
4 Pachinzvimbo choushamwari hwangu navo, vanondipa mhosva,
asi ini ndiri munhu wokunyengetera.
5 Vanonditsivira zvakaipa pane zvakanaka,
uye vanondivengera ushamwari hwangu.

6 Tumai munhu akaipa kuti apikisane naye;
mupomeri ngaamire kuruoko rwake rworudyi.
7 Paanotongwa, ngaawanikwe ane mhosva,
uye minyengetero yake ngaimupe mhaka.

8 Mazuva ake ngaave mashoma;
mumwe ngaatore nzvimbo youkuru hwake.
9 Vana vake ngavave nherera,
uye mukadzi wake ave chirikadzi.
10 Vana vake ngavave vapemhi vanodzungaira;
ngavadzingwe vabve mumatongo emisha yavo.
11 Waakakwereta ngaatore zvose zvaanazvo;
vatorwa ngavapambe zvose zvaakashandira.
12 Ngakurege kuva neanomunzwira ngoni
kana kunzwira tsitsi nherera dzake.
13 Zvizvarwa zvake ngazvirove,
mazita avo adzimwe parudzi runotevera.
14 Mhosva yamadzibaba ake ngairangarirwe pamberi paJehovha;
chivi chamai vake ngachirege kumbodzimwa.
15 Zvivi zvavo ngazvirambe zviri pamberi paJehovha,
kuti aparadze chirangaridzo chavo panyika.

16 Nokuti haana kumbofunga kuita zvakanaka,
asi akavhima varombo kusvika parufu,
vanoshayiwa navane mwoyo yakaputsika.
17 Aifarira kutaura chituko, ngachichiuya pamusoro pake;
iye asina kufadzwa nokuropafadza, ngakuve kure naye.
18 Aifuka kutuka senguo yake;
zvakapinda mumuviri wake semvura,
nomumapfupa ake samafuta.
19 Ngazvive sejasi rakamonerwa paari,
sebhanhire rakasungiririrwa paari nokusingaperi.
20 Uyu ngauve muripo waJehovha kuvapomeri vangu,
kuna avo vanotaura zvakaipa pamusoro pangu.

21 Asi imi, Ishe Jehovha,
ndiitirei zvakanaka nokuda kwezita renyu;
ndirwirei, kubudikidza nokunaka kworudo rwenyu.
22 Nokuti ndiri murombo uye ndinoshayiwa,
uye mwoyo wangu wakuvara mukati mangu.
23 Ndinopera somumvuri wamadekwana;
ndinozunzwa semhashu.
24 Mabvi angu apera simba nokutsanya;
muviri wangu waonda uye ndaonda kwazvo.
25 Ndiri chinhu chinosekwa navapomeri vangu;
pavanondiona, vanodzungudza misoro yavo.

26 Ndibatsirei, imi Jehovha Mwari wangu;
ndiponesei zvakafanira rudo rwenyu.
27 Ngavazive kuti ndirwo ruoko rwenyu,
kuti imi, iyemi Jehovha, makazviita.
28 Ivo vangatuka havo, asi imi mucharopafadza;
vachanyadziswa pavanorwisa,
asi muranda wenyu achafara.
29 Vapomeri vangu vachafukidzwa nenyadzi,
uye vachaputirwa nokunyara sokunge nejasi.

30 Ndicharumbidza Jehovha nomuromo wangu zvikuru;
paungano huru, ndichamurumbidza.
31 Nokuti anomira kuruoko rworudyi rwouyo anoshayiwa,
kuti amuponese pane avo vanomupomera mhosva.

# Pisarema 110

Pisarema raDhavhidhi
1 Jehovha akati kuna She wangu,
"Gara kuruoko rwangu rworudyi,
kusvikira ndaita vavengi vako
chitsiko chetsoka dzako."

2 Jehovha achatambanudza tsvimbo yesimba rako kubva muZioni;
uchatonga pakati pavavengi vako.
3 Mauto ako achazvipira
pazuva rako rehondo.
Wapfekedzwa nguo youshe, utsvene,
kubva pachizvaro chamambakwedza
uchagamuchira dova roujaya hwako.

4 Jehovha akapika,
uye haangashanduki, achiti,
"Iwe uri muprista nokusingaperi,
worudzi rwaMerikizedheki."

5 Jehovha ari kuruoko rwako rworudyi;
achaparadza madzimambo pazuva rehasha dzake.
6 Achatonga ndudzi, achiunganidza vakafa,
uye achiparadza vatongi venyika yose.
7 Achanwa parukova rwuri parutivi penzira;
naizvozvo achasimudza musoro wake.

# Pisarema 111

1 Rumbidzai Jehovha.

Ndicharumbidza Jehovha nomwoyo wangu wose,
padare ravakarurama nepagungano.

2 Mabasa aJehovha makuru;
anorangarirwa navose vanofara maari.
3 Mabasa ake ndeokukudzwa noumambo,
uye kururama kwake kunogara nokusingaperi.
4 Akaita kuti zvishamiso zvake zvirangarirwe;
Jehovha ane nyasha nengoni.
5 Anopa zvokudya kuna avo vanomutya;
anorangarira sungano yake nokusingaperi.
6 Akaratidza vanhu vake simba ramabasa ake,
achivapa nyika dzedzimwe ndudzi.
7 Mabasa amaoko ake akatendeka uye akarurama,
mitemo yake yose yakavimbika.
8 Yakasimba kusvika nokusingaperi-peri,
yakaitwa mukutendeka nokururama.

9 Akapa dzikinuro kuvanhu vake;
akasimbisa sungano yake nokusingaperi,
zita rake idzvene uye rinotyisa.

10 Kutya Jehovha ndiwo mavambo enjere;
vose vanotevera mitemo yake vanonzwisisa.
Kurumbidzwa ndokwake nokusingaperi.

# Pisarema 112

1 Rumbidzai Jehovha.

Akaropafadzwa munhu anotya Jehovha,
anofarira mirayiro yake zvikuru.

2 Vana vake vachava nesimba panyika;
zvizvarwa zvavakarurama zvicharopafadzwa.
3 Pfuma nezvakawanda zviri mumba make,
uye kururama kwake kunogara nokusingaperi.
4 Kunyange murima akarurama anobudirwa nechiedza,
iye munhu ane nyasha nengoni uye akarurama.
5 Zvakanaka zvinouya kumunhu anopa zvizhinji
uye anokweretesa pachena, anofambisa nzira dzake nokururamisira.
6 Zvirokwazvo, haangatongozungunuswi;
munhu akarurama acharangarirwa nokusingaperi.
7 Haangatyi mashoko akaipa;
mwoyo wake wakasimba, anovimba naJehovha.
8 Mwoyo wake wakachengetedzeka, haangatyi chinhu;
pakupedzisira achatarira nokukunda kuvavengi vake.
9 Akaparadzira zvipo zvake kuvarombo,
kururama kwake kunogara nokusingaperi;
runyanga rwake ruchasimudzwa mudenga mukukudzwa.

10 Akaipa achazviona uye acharwadziwa,
acharumanya meno ake uye achaonda;
kushuva kwowakaipa kuchava pasina.

# Pisarema 113

1 Rumbidzai Jehovha.

Rumbidzai, imi varanda vaJehovha,
rumbidzai zita raJehovha.
2 Zita raJehovha ngarirumbidzwe,
kubva zvino kusvikira narini.
3 Kubva pakubuda kwezuva kusvikira pakuvira kwaro,
zita raJehovha rinofanira kurumbidzwa.

4 Jehovha anosimudzirwa pamusoro pendudzi dzose;
kubwinya kwake kuri pamusoro pamatenga.
5 Ndianiko akaita saJehovha Mwari wedu,
iye anogara pachigaro choushe chokumusoro-soro,
6 anokotamira pasi kuti aone

zviri kudenga napanyika?

7 Anosimudza murombo kubva muguruva,
uye anosimudza vanoshayiwa kubva padurunhuru ramadota;
8 anovagadza namachinda,
namachinda avanhu vavo.
9 Anogarisa mukadzi asingabereki mumba make,
samai vavana vanofara.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 114

1 Israeri akati abuda muIjipiti,
imba yaJakobho ichibva kurudzi runo mutauro wokumwe,
2 Judha akava imba tsvene yaMwari,
Israeri ushe hwake.

3 Gungwa rakazviona rikatiza,
Jorodhani rwakadzokera shure;
4 makomo akakwakuka samakondobwe,
zvikomo samakwayana.

5 Haiwa gungwa, wakatizeiko,
iwe Jorodhani zvawakadzokera shure,
6 imi makomo zvamakakwakuka samakondobwe,
nemi zvikomo, samakwayana?

7 Dedera, iwe nyika pamberi paShe,
pamberi paMwari waJakobho,
8 akashandura dombo rikava dziva,
dombo rakaoma rikava matsime emvura.

# Pisarema 115

1 Kwete kwatiri, Jehovha, kwete kwatiri,
asi kukudzwa ngakupiwe kuzita renyu,
nokuda kworudo rwenyu nokutendeka kwenyu.

2 Sei ndudzi dzichiti,
"Mwari wavo aripiko?"
3 Mwari wedu ari kudenga;
anoita zvose zvinomufadza.
4 Asi zvifananidzo zvavo isirivha negoridhe,
zvakaitwa namaoko avanhu.
5 Zvine miromo, asi hazvigoni kutaura,
zvina meso, asi hazvigoni kuona;
6 zvine nzeve, asi hazvigoni kunzwa mhino,
asi hazvigoni kunhuhwidza;
7 zvina maoko, asi hazvigoni kubata,
tsoka, asi hazvigoni kufamba;
uye hazvitauri napahuro pazvo.
8 Vanozviita vachafanana nazvo,
navose vanovimba nazvo.

9 Haiwa imba yaIsraeri, vimbai naJehovha,
ndiye mubatsiri wavo nenhoo yavo.
10 Imi imba yaAroni, vimbai naJehovha,
ndiye mubatsiri wavo nenhoo yavo.
11 Imi vanomutya, vimbai naJehovha,
ndiye mubatsiri wavo nenhoo yavo.

12 Jehovha anotirangarira uye achatiropafadza:
Acharopafadza imba yaIsraeri, acharopafadza imba yaAroni,
13 acharopafadza vanotya Jehovha,
vaduku navakuru zvakafanana.

14 Jehovha ngaakuwanzei,
mose iwe navana vako.
15 Jehovha ngaakuropafadze,
iye muiti wedenga napasi.

16 Kudenga denga kumusoro ndokwaJehovha,
asi nyika akaipa kuvanhu.
17 Vakafa havasivo vanorumbidza Jehovha,
avo vanoburukira kwakanyarara;
18 asi tisu tinokudza Jehovha,
kubva zvino kusvikira narini.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 116

1 Ndinoda Jehovha, nokuti akanzwa inzwi rangu;
akandinzwira tsitsi pakuchema kwangu.
2 Nokuti akarerekera nzeve yake kwandiri,
ndichadana kwaari mazuva ose oupenyu hwangu.

3 Misungo yorufu yakandipinganidza,
kurwadza kweguva kwakauya pamusoro pangu;
ndakakundwa nenhamo nokusuwa.
4 Ipapo ndakadana kuzita raJehovha ndikati,
"Haiwa Jehovha, ndiponesei!"

5 Jehovha ane nyasha uye akarurama;
Mwari wedu azere netsitsi.
6 Jehovha anodzivirira vakatendeka pamwoyo;
pandakanga ndiri pakushayiwa kukuru, iye akandiponesa.

7 Haiwa mweya wangu, chizorora zvakare,
nokuti Jehovha akakuitira zvakanaka.

8 Nokuti imi, iyemi Jehovha, makarwira mweya wangu parufu,
meso angu pamisodzi,
uye makumbo angu pakugumburwa,
9 kuti ndifambe pamberi paJehovha
munyika yavapenyu.
10 Ndakatenda; naizvozvo ndakati,

"Ndiri kutambudzika kwazvo."
11 Uye pakuvhunduka kwangu ndakati,
"Vanhu vose vanoreva nhema."

12 Ndingaripira seiko Jehovha
pamusoro pokunaka kwake kwose kwandiri?
13 Ndichasimudza mukombe woruponeso
ndigodana kuzita raJehovha.
14 Ndichazadzisa mhiko dzangu kuna Jehovha,
pamberi pavanhu vake vose.

15 Chinhu chinokosha pamberi paJehovha
ndirwo rufu rwavatsvene vake.
16 Haiwa Jehovha, zvirokwazvo ndiri muranda wenyu;
ndiri muranda wenyu, mwanakomana womurandakadzi wenyu;
makandisunungura pangetani dzangu.

17 Ndichabayira chipo chokuvonga kwamuri,
uye ndichadana kuzita raJehovha.
18 Ndichazadzisa mhiko dzangu kuna Jehovha,
pamberi pavanhu vake vose,
19 pavanze dzeimba yaJehovha,
mukati mako, iwe Jerusarema.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 117

1 Rumbidzai Jehovha, imi ndudzi dzose;
Mukudzei, imi marudzi ose.
2 Nokuti rudo rwake kwatiri rukuru,
uye kutendeka kwaJehovha kunogara nokusingaperi.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 118

1 Vongai Jehovha, nokuti akanaka;
rudo rwake runogara nokusingaperi.

2 Israeri ngaati,
"Rudo rwake runogara nokusingaperi."
3 Imba yaAroni ngaiti,
"Rudo rwake runogara nokusingaperi."
4 Avo vanotya Jehovha ngavati,
"Rudo rwake runogara nokusingaperi."

5 Mukurwadziwa kwangu ndakadana kuna Jehovha,
uye akandipindura nokundisunungura.
6 Jehovha aneni; handingatyi.
Munhu angandiiteiko?
7 Jehovha aneni; ndiye mubatsiri wangu.
Ndichatarira vavengi vangu nokukunda.

8 Zviri nani kutizira kuna Jehovha
pano kuvimba nomunhu.
9 Zviri nani kutizira kuna Jehovha
pano kuvimba namachinda.

10 Ndudzi dzose dzakandikomba,
asi ndakavaparadza muzita raJehovha.
11 Vakandikomba pamativi ose,
asi ndakavaparadza muzita raJehovha.
12 Vakandimomotera senyuchi,
asi vakakurumidza kufa seminzwa inotsva,
ndakavaparadza muzita raJehovha.

13 Ndakasundidzirwa shure uye ndikada kuwa,
asi Jehovha akandibatsira.
14 Jehovha ndiye simba rangu norwiyo rwangu;
ndiye ava ruponeso rwangu.

15 Kupembera kwomufaro nokukunda
kunonzwika mumatende avakarurama kuchiti:
“Ruoko rworudyi rwaJehovha rwakaita zvinhu zvikuru!
16 Ruoko rworudyi rwaJehovha rwakasimudzirwa kumusoro;
ruoko rworudyi rwaJehovha rwakaita zvinhu zvikuru!”

17 Handingafi asi ndichararama,
uye ndichaparidza zvakaitwa naJehovha.
18 Jehovha akandiranga kwazvo,
asi haana kundiisa kurufu.

19 Ndizarurireiwo masuo okururama;
ndichapinda ndigovonga Jehovha.
20 Iri ndiro suo raJehovha
panopinda navakarurama.
21 Ndichakuvongai, nokuti makandipindura;
makava ruponeso rwangu.

22 Dombo rakarambwa navavaki
ndiro rakazova musoro wekona;
23 Jehovha akaita izvi,
uye zvinoshamisa pamberi pedu.
24 Iri ndiro zuva rakaitwa naJehovha;
ngatifarei kwazvo tifarisise mariri.

25 Haiwa Jehovha, tiponesei;
haiwa Jehovha, tipeiwo kubudirira.
26 Akaropafadzwa uyo anouya muzita raJehovha.
Tiri mumba maJehovha tinokuropafadzai.
27 Jehovha ndiye Mwari,
uye akaita kuti chiedza chake chivhenekere pamusoro pedu.
Namatavi muruoko, pinda mumudungwe
ubatane navamwe vari kuenda kunyanga dzearitari.

28 Imi muri Mwari wangu, uye ndichakuvongai;
ndimi Mwari wangu, uye ndichakukudzai.

29 Vongai Jehovha, nokuti akanaka;
rudo rwake runogara nokusingaperi.

# Pisarema 119

*Arefi*

1 Vakaropafadzwa avo vane nzira isina chaingapomerwa,
vanofamba mumurayiro waJehovha.
2 Vakaropafadzwa avo vanochengeta zvaakatema,
vanomutsvaka nomwoyo wavo wose.
3 Havaiti chinhu chakaipa;
vanofamba munzira yake.
4 Imi makaisa zvirevo
zvinofanira kuteererwa.
5 Haiwa, dai nzira dzangu dzakasimba
pakuteerera zvirevo zvenyu!
6 Ipapo handaizonyadziswa pandinorangarira mirayiro yenyu.
7 Ndichakurumbidzai nomwoyo wakarurama,
sezvo ndichidzidza mirayiro yenyu yakarurama.
8 Ndichateerera mitemo yenyu;
regai kundirasa zvachose.

*Bheti*

9 Ko, jaya ringanatsa nzira yaro nei?
Nokurarama sezvinoreva shoko renyu.
10 Ndinokutsvakai nomwoyo wangu wose;
musandirega ndichitsauka pamirayiro yenyu.
11 Shoko renyu ndakariviga mumwoyo mangu,
kuti ndirege kukutadzirai.
12 Imi munofanira kukudzwa, Jehovha;
ndidzidzisei mitemo yenyu.
13 Nemiromo yangu ndichataurazve
mirayiro yose inobva pamuromo wenyu.
14 Ndinofarira kutevera zvirevo zvenyu,
somunhu anofarira pfuma huru.
15 Ndinofungisisa zvirevo zvenyu,
uye ndinorangarira nzira dzenyu.
16 Ndinofarira mitemo yenyu;
handingakanganwi shoko renyu.

*Gimeri*

17 Itirai muranda wenyu zvakanaka, ndigorarama;
ndichateerera shoko renyu.
18 Ndisvinudzei meso angu kuti ndione.
Zvinhu zvinoshamisa zviri pamurayiro wenyu.
19 Ndiri mutorwa panyika;
regai kundivanzira mirayiro yenyu.
20 Mweya wangu wapedzwa nokushuva
mitemo yenyu nguva dzose.
21 Munotsiura vanozvikudza, avo vakatukwa,
uye vanotsauka kubva pamirayiro yenyu.

22 Bvisai kwandiri kushorwa nokuzvidzwa,
nokuti ndinochengeta zvirevo zvenyu.
23 Kunyange vatongi vachigara pamwe chete vachindireva,
muranda wenyu achafungisisa mitemo yenyu.
24 Ndinofadzwa nezvirevo zvenyu;
ndizvo zvinondipanga mazano.

*Dhareti*

25 Ndakaradzikwa pasi muguruva;
chengetedzai upenyu hwangu sezvinoreva shoko renyu.
26 Ndakarevazve nzira dzangu imi mukandipindura;
ndidzidzisei mitemo yenyu.
27 Itai kuti ndinzwisise zvirevo zvenyu;
ipapo ndichafungisisa pamusoro pezvishamiso zvenyu.
28 Mweya wangu waziya nokusuwa;
ndisimbisei sezvinoreva shoko renyu.
29 Ndibvisei panzira dzokunyengera;
ndinzwirei nyasha kubudikidza nomurayiro wenyu.
30 Ndakasarudza nzira yechokwadi;
ndakaisa mwoyo wangu pamurayiro wenyu.
31 Haiwa Jehovha, ini ndichabatirira pazvirevo zvenyu;
musandirega ndichinyadziswa.
32 Ndinomhanya munzira yomurayiro wenyu,
nokuti makasunungura mwoyo wangu.

*He*

33 Ndidzidzisei, imi Jehovha, kutevera mitemo yenyu;
ipapo ndichaichengeta kusvikira kumagumo.
34 Ndipei kunzwisisa, ndigochengeta murayiro wenyu
uye ndigouteerera nomwoyo wangu wose.
35 Nditungamiririrei munzira yemirayiro yenyu,
nokuti imomo ndinowana mufaro.
36 Dzorerai mwoyo wangu pane zvamakatema
kwete pakuchiva kwenyama.
37 Dzorai meso angu pazvinhu zvisina maturo;
chengetedzai upenyu hwangu sezvinoreva shoko renyu.
38 Zadzisai zvamakapikira muranda wenyu,
kuti mugotyiwa.
39 Bvisai kunyadziswa kwandaitya,
nokuti mitemo yenyu yakanaka.
40 Ndinoshuva zvirevo zvenyu sei!
Chengetedzai upenyu hwangu mukururama kwenyu.

*Wawu*

41 Rudo rwenyu rusingaperi ngaruuye kwandiri,
Jehovha, noruponeso rwenyu sezvamakavimbisa;
42 ipapo ndichapindura vanondishora,
nokuti ndinovimba neshoko renyu.
43 Regai kubvisa shoko rechokwadi pamuromo pangu,
nokuti ndakaisa tariro yangu mumurayiro wenyu.
44 Ndichagara ndichiteerera murayiro wenyu,
nokusingaperi-peri.
45 Ndichafamba-famba ndakasununguka,
nokuti ndakatsvaka zvirevo zvenyu.

46 Ndichataura zvamakatema pamberi pamadzimambo,
uye handinganyadziswi,
47 nokuti ndinofarira mirayiro yenyu
nokuti ndinoida.
48 Ndinosimudzira maoko angu
kumirayiro yenyu yandinoda, uye ndinofungisisa zvirevo zvenyu.

*Zayini*

49 Rangarirai shoko renyu kumuranda wenyu,
nokuti makandipa tariro.
50 Zvinondinyaradza pakutambura kwangu ndezvizvi:
Vimbiso yenyu inochengetedza upenyu hwangu.
51 Vanozvikudza vanondiseka vasingaregi,
asi ini handitsauki pamurayiro wenyu.
52 Ndinorangarira mirayiro yenyu yekare, imi Jehovha,
uye ndinonyaradzwa mairi.
53 Shungu dzinondibata nokuda kwavakaipa,
vakasiya murayiro wenyu.
54 Mitemo yenyu ndiro dingindira rorwiyo rwangu
pose pandinogara.
55 Haiwa, Jehovha, ndinorangarira zita renyu usiku,
uye ndichachengeta murayiro wenyu.
56 Aya ndiwo anga ari maitiro angu:
Ndinoteerera zvirevo zvenyu.

*Heti*

57 Haiwa, Jehovha, ndimi mugove wangu;
ndakavimbisa kuteerera mashoko enyu.
58 Ndakatsvaka chiso chenyu nomwoyo wangu wose;
ndinzwirei nyasha sezvamakavimbisa.
59 Ndakacherechedza nzira dzangu
ndikadzorera tsoka dzangu kune zvamakatema.
60 Ndichakurumidza uye handinganonoki
kuteerera mirayiro yenyu.
61 Kunyange vakaipa vakandisunga namabote,
handizokanganwi murayiro wenyu.
62 Ndinomuka pakati pousiku ndichikuvongai
nokuda kwemirayiro yenyu yakarurama.
63 Ndiri shamwari yavose vanokutyai,
nokuna vose vanotevera zvirevo zvenyu.
64 Haiwa Jehovha, nyika izere norudo rwenyu,
ndidzidzisei zvirevo zvenyu.

*Teti*

65 Makaitira muranda wenyu zvakanaka,
imi Jehovha, sezvakafanira shoko renyu.
66 Ndidzidzisei zivo nokutonga kwakanaka,
nokuti ndakatenda mirayiro yenyu.
67 Pandakanga ndisati ndatambudzika,
ndakatsauka, asi zvino ndinoteerera shoko renyu.
68 Imi makanaka, uye munoita zvakanaka;
ndidzidzisei mitemo yenyu.
69 Kunyange vanozvikudza vakandipomera nhema,
ndinochengeta zvamakatema nomwoyo wangu wose.

70 Mwoyo yavo yakasindimara uye hainzwisisi,
asi ndinofarira murayiro wenyu.
71 Zvakanga zvakanaka kuti nditambudzike,
kuitira kuti ndigodzidza mitemo yenyu.
72 Murayiro unobva pamuromo wenyu unokosha kwandiri,
kupfuura zviuru zvezvimedu zvesirivha negoridhe.

*Yodhi*

73 Maoko enyu akandisika uye akandiumba;
ndipei kunzwisisa kuti ndigodzidza mirayiro yenyu.
74 Avo vanokutyai ngavafare pavanondiona,
nokuti ndakaisa tariro yangu pashoko renyu.
75 Haiwa Jehovha, ndinoziva kuti mirayiro yenyu yakarurama,
uye kuti makanditambudza mukutendeka kwenyu.
76 Rudo rwenyu rusingaperi ngarutinyaradze,
maererano nechivimbiso chenyu kumuranda wenyu.
77 Tsitsi dzenyu ngadziuye kwandiri kuti ndirarame,
nokuti murayiro wenyu ndiwo mufaro wangu.
78 Vanozvikudza ngavanyadziswe pakundikanganisira ndisina mhaka,
asi ini ndichafungisisa zvirevo zvenyu.
79 Vanokutyai ngavadzokere kwandiri,
ivo vanonzwisisa zvamakatema.
80 Mwoyo wangu ngaushaye chaungapomerwa pamitemo yenyu,
kuti ndirege kunyadziswa.

*Kafi*

81 Mweya wangu unoziya nokuda kwekushuva ruponeso rwenyu,
asi ndakaisa tariro yangu pashoko renyu.
82 Meso angu aneta nokutsvaga chivimbiso chenyu;
ndinoti, “Muchandinyaradza riniko?”
83 Kunyange ndakaita sehomwe yewaini ndiri muutsi,
handikanganwi mitemo yenyu.
84 Muranda wenyu acharindira kusvikira riniko?
Mucharanga vatambudzi vangu riniko?
85 Vanozvikudza vakandicherera makomba,
zvinopesana nomurayiro wenyu.
86 Mirayiro yenyu yose yakavimbika, ndibatsirei,
nokuti vanhu vanonditambudza ndisina mhaka.
87 Vakanga voda kundibvisa panyika,
asi handina kusiya zvamakatema.
88 Chengetedzai upenyu hwangu zvakafanira rudo rwenyu,
uye ini ndichateerera zvirevo zvomuromo wenyu.

*Ramedhi*

89 Haiwa Jehovha, shoko renyu rinogara nokusingaperi;
rinomira rakasimba kudenga denga.
90 Kutendeka kwenyu kunoramba kuripo kusvikira kuzvizvarwa zvose;
makasimbisa nyika uye inogara nokusingaperi.
91 Mirayiro yenyu iripo kusvikira iye nhasi,
nokuti zvinhu zvose zvinokushumirai.
92 Dai murayiro wenyu wanga usiri mufaro wangu,
ndingadai ndakafira mumatambudziko angu.
93 Handichazokanganwi zvamakatema,
nokuti nazvo makachengetedza upenyu hwangu.

94 Ndiponesei, nokuti ndiri wenyu;
ndakatsvaka zvamakatema.
95 Vakaipa vakarindira kundiparadza,
asi ini ndichafunga zvirevo zvenyu.
96 Ndinoona kuguma kwezvose zvakakwana,
asi mirayiro yenyu haina magumo.

*Memu*

97 Haiwa, ndinoda murayiro wenyu sei!
Ndinoufungisisa zuva rose.
98 Mirayiro yenyu inoita kuti ndive akachenjera kupfuura vavengi vangu,
nokuti inogara neni nguva dzose.
99 Ndinonzwisisa zvakawanda kupfuura vadzidzisi vangu,
nokuti ndinofungisisa pamusoro pezvamakatema.
100 Ndinonzwisisa zvikuru kupfuura vakuru,
nokuti ndinoteerera zvirevo zvenyu.
101 Ndakadzora tsoka dzangu panzira
dzose dzakaipa kuti nditeerere shoko renyu.
102 Handina kubva pamirayiro yenyu,
nokuti imi pachenyu makandidzidzisa.
103 Mashoko enyu anotapira seiko pakuaravira,
anotapira kukunda uchi mumukanwa mangu!
104 Ndinowana kunzwisisa kubva pazvirevo zvenyu;
naizvozvo ndinovenga nzira dzose dzakaipa.

*Nuni*

105 Shoko renyu ndiwo mwenje wetsoka dzangu,
nechiedza chenzira yangu.
106 Ndakaita mhiko ndikaisimbisa,
kuti ndichatevera mirayiro yenyu yakarurama.
107 Ndakatambudzika kwazvo;
chengetedzai upenyu hwangu, imi Jehovha, zvakafanira shoko renyu.
108 Haiwa Jehovha, gamuchirai henyu kurumbidza kwomuromo wangu,
mugondidzidzisa mirayiro yenyu.
109 Kunyange ndichiramba ndakabata upenyu hwangu mumaoko angu,
handizokanganwi murayiro wenyu.
110 Vakaipa vakanditeya nomusungo,
asi handina kutsauka pazvirevo zvenyu.
111 Zvirevo zvenyu inhaka yangu nokusingaperi;
ndizvo mufaro womwoyo wangu.
112 Mwoyo wangu wakagarira kuchengeta zvirevo zvenyu,
kusvikira kumagumo.

*Sameki*

113 Ndinovenga vanhu vane mwoyo miviri,
asi ndinoda murayiro wenyu.
114 Imi muri utiziro hwangu nenhoo yangu;
ndakaisa tariro yangu pashoko renyu.
115 Ibvai kwandiri, imi vaiti vezvakaipa,
kuti ndichengete mirayiro yaMwari wangu!
116 Nditsigirei sezvamakavimbisa, ipapo ndichararama;
musarega tariro yangu ichidzimwa.
117 Nditsigirei, ipapo ndicharwirwa;
ndicharamba ndine hanya nemitemo yenyu.

118 Munoramba vose vanotsauka pamitemo yenyu,
nokuti kunyengera kwavo hakuna maturo.
119 Vakaipa vose venyika munovaita sengura;
naizvozvo ndinoda zvamakatema.
120 Nyama yangu inodedera nokuda kwokukutyai;
ndinomira ndichitya mirayiro yenyu.

*Ayini*

121 Ndakaita zvakarurama nokururamisira;
musandisiya mumaoko avadzvinyiriri vangu.
122 Itai kuti muranda wenyu agare zvakanaka;
musarega vanozvikudza vachimudzvinyirira.
123 Meso angu aneta nokutsvaka ruponeso rwenyu,
ndichitsvaga vimbiso yenyu yakarurama.
124 Itirai muranda wenyu zvinoringana norudo rwenyu,
uye ndidzidzisei mitemo yenyu.
125 Ndiri muranda wenyu;
ndipeiwo kunzvera kuti ndigonzwisisa zvamakatema.
126 Haiwa Jehovha, inguva yenyu yokubata;
murayiro wenyu uri kuputswa.
127 Nokuti ndinoda mirayiro yenyu kupfuura goridhe,
kupfuura goridhe rakanatswa,
128 uye nokuti ndinoti zvirevo zvenyu zvose zvakarurama,
ndinovenga nzira dzose dzakaipa.

*Pe*

129 Zvirevo zvenyu zvinoshamisa;
naizvozvo ndinozviteerera.
130 Kuzarurwa kweshoko renyu kunopa chiedza;
kunopa kunzwisisa kuna vasina mano.
131 Ndinoshamisa muromo wangu ndigodokwaira,
ndichishuva mirayiro yenyu.
132 Dzokerai kwandiri mugondinzwira ngoni,
sezvamunogara muchiita kuna avo vanoda zita renyu.
133 Rayirai nhambwe dzetsoka dzangu zviri maererano neshoko renyu;
chivi ngachirege kunditonga.
134 Ndidzikinurei pakudzvinyirira kwavanhu,
kuti ndigoteerera zvirevo zvenyu.
135 Chiso chenyu ngachipenye pamusoro pomuranda wenyu,
uye ndidzidzisei mitemo yenyu.
136 Hova dzemisodzi dzinoerera dzichibva mumeso angu,
nokuti murayiro wenyu hausi kuteererwa.

*Tsadhe*

137 Haiwa Jehovha, imi makarurama,
uye mirayiro yenyu yakarurama.
138 Zvirevo zvenyu zvamakadzika zvakarurama;
zvakavimbika kwazvo.
139 Kushingaira kwangu kunondipedza,
nokuti vavengi vangu havana hanya namashoko enyu.
140 Vimbiso dzenyu dzakaedzwa chose,
uye muranda wenyu anodzida.
141 Kunyange ndakaderedzwa uye ndichizvidzwa hangu,
handikanganwi zvirevo zvenyu.
142 Kururama kwenyu kunogara nokusingaperi,

uye murayiro wenyu ndowezvokwadi.
143 Nhamo namatambudziko zviri pamusoro pangu,
asi mirayiro yenyu ndiwo mufaro wangu.
144 Zvirevo zvenyu zvinogara zvakarurama;
ndipeiwo kunzwisisa kuti ndirarame.

*Kofi*

145 Ndinodana nomwoyo wangu wose; haiwa Jehovha ndipindureiwo,
uye ndichateerera mitemo yenyu.
146 Ndinodanidzira kwamuri,
ndiponesei uye ndichachengeta zvamakatema.
147 Ndinomuka mambakwedza asati asvika ndigochemera kubatsirwa;
ndakaisa tariro yangu pashoko renyu.
148 Meso angu anogara akasvinura panguva dzose dzousiku,
kuti ndifungisise pamusoro pevimbiso dzenyu.
149 Inzwai inzwi rangu sezvakafanira rudo rwenyu;
haiwa Jehovha, chengetedzai upenyu hwangu zviri maererano nemirayiro yenyu.
150 Vanoita mano akaipa vari pedyo,
asi vari kure nomurayiro wenyu.
151 Asi imi muri pedyo, Jehovha,
uye mirayiro yenyu yose ndeyezvokwadi.
152 Ndakadzidza pane zvamakatema kare,
kuti makazvisimbisa kuti zvigare nokusingaperi.

*Reshi*

153 Tarirai kutambudzika kwangu mugondirwira,
nokuti handina kukanganwa murayiro wenyu.
154 Mirirai mhosva yangu uye mundidzikinure;
chengetedzai upenyu hwangu maererano nevimbiso yenyu.
155 Ruponeso rwuri kure navakaipa,
nokuti havatsvaki mitemo yenyu.
156 Haiwa Jehovha, tsitsi dzenyu ihuru;
chengetedzai upenyu hwangu maererano nemirayiro yenyu.
157 Vavengi vangu navanonditambudza vazhinji,
asi handina kutsauka pane zvamakatema.
158 Ndinotarira kuna vasingatendi ndichisema,
nokuti havateereri shoko renyu.
159 Tarirai madiro andinoita zvirevo zvenyu;
haiwa Jehovha, chengetedzai upenyu hwangu, maererano norudo rwenyu.
160 Mashoko enyu ose ndeechokwadi;
mirayiro yenyu yose yakarurama ndeyokusingaperi.

*Sini neShini*

161 Vatongi vanonditambudza ndisina mhaka,
asi mwoyo wangu unodedera pashoko renyu.
162 Ndinofarira vimbiso yenyu
kufanana nouyo anowana zvakapambwa zvizhinji.
163 Ndinovenga uye ndinosema nhema,
asi ndinoda murayiro wenyu.
164 Ndinokurumbidzai kanomwe pazuva,
nokuda kwemirayiro yenyu yakarurama.
165 Vanoda murayiro wenyu vano rugare rukuru,

uye hakuna chingavagumbusa.
166 Haiwa Jehovha, ndakamirira ruponeso rwenyu,
uye ndinotevera mirayiro yenyu.
167 Ndinoteerera zvirevo zvenyu,
nokuti ndinozvida zvikuru.
168 Ndinoteerera zvirevo zvenyu nezvamakatema,
nokuti nzira dzangu dzose dzinozivikanwa nemi.

*Tawu*

169 Dai kuchema kwangu kwasvika pamberi penyu, imi Jehovha;
ndipeiwo kunzwisisa maererano neshoko renyu.
170 Kukumbira kwangu dai kwasvika pamberi penyu;
ndirwirei maererano nevimbiso yenyu.
171 Miromo yangu dai yafashukira nerumbidzo,
nokuti munondidzidzisa mitemo yenyu.
172 Rurimi rwangu dai rwaimba nezveshoko renyu,
nokuti mirayiro yenyu yose yakarurama.
173 Ruoko rwenyu dai rwagadzirira kundibatsira,
nokuti ndakasarudza zvirevo zvenyu.
174 Haiwa Jehovha, ndinoshuva ruponeso rwenyu,
uye murayiro wenyu ndiwo mufaro wangu.
175 Regai ndirarame kuti ndigokurumbidzai,
uye dai mirayiro yenyu yandibatsira.
176 Ndakatsauka segwai rakarasika.
Tsvakai muranda wenyu,
nokuti handina kukanganwa mirayiro yenyu.

# Pisarema 120

Rwiyo rworwendo.
1 Ndinodana kuna Jehovha mukutambudzika kwangu,
uye anondipindura.
2 Haiwa Jehovha, ndiponesei pamiromo inoreva nhema,
nendimi dzinonyengera.

3 Achaiteiko kwauri,
uye chimwe chiiko kunze kwezvizvi, iwe rurimi runonyengera?
4 Achakuranga nemiseve yakapinza yemhare,
namazimbe anopfuta omuti womurara.

5 Ndine nhamo ini ndinogara muMesheki,
kuti ndinogara pakati pamatende eKedhari!
6 Ndakagara nguva refu
pakati pavanovenga rugare.
7 Ndiri munhu worugare;
asi pandinotaura, ivo ndevehondo.

# Pisarema 121

Rwiyo rworwendo.
1 Ndinosimudzira meso angu kumakomo,
kubatsirwa kwangu kunobvepiko?
2 Rubatsiro rwangu runobva kuna Jehovha,
muiti wokudenga napasi.

3 Haangatenderi rutsoka rwako kuti rutedzemuke,
muchengeti wako haangakotsiri;
4 zvirokwazvo, muchengeti waIsraeri
haangakotsiri kana kuvata.

5 Jehovha anokurinda,
Jehovha ndiye mumvuri wako kuruoko rwako rworudyi;
6 zuva haringakubayi masikati,
kana mwedzi usiku.

7 Jehovha achakuchengeta pane zvose zvinokuvadza,
iye acharinda upenyu hwako;
8 Jehovha achakurinda pakubuda kwako napakupinda kwako,
kubva zvino uye nokusingaperi.

# Pisarema 122

Rwiyo rworwendo rwaDhavhidhi.
1 Ndakafara pavakati kwandiri,
“Handei kumba yaJehovha.”
2 Tsoka dzedu dzimire
mukati mamasuo ako, iwe Jerusarema.

3 Jerusarema rakavakwa seguta
rakapakata kwazvo.
4 Ndiko kunokwira marudzi,
iwo marudzi aJehovha,
kundorumbidza zita raJehovha
maererano nezvakatemerwa Israeri.
5 Zvigaro zvokutonga zvimire ikoko,
zvigaro zvoushe zveimba yaDhavhidhi.

6 Nyengetererai rugare rweJerusarema:
“Vanokuda dai vagara zvakanaka.
7 Dai mukati mamasvingo ako maita rugare,
nokuchengetedzeka mukati menhare dzako.”
8 Nokuda kwehama neshamwari dzangu,
ndichati, “Rugare ngaruve mukati mako.”
9 Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu,
ndichatsvaka kubudirira kwako.

# Pisarema 123

Rwiyo rworwendo.
1 Ndinosimudzira meso angu kwamuri,
kunemi mune chigaro choushe kudenga.
2 Sokutarira kunoita meso evaranda kuna vatenzi vavo,
sezvinoita meso omurandakadzi achitarira ruoko rwatenzikadzi wake,
saizvozvo meso edu anotarira kuna Jehovha Mwari wedu,
kusvikira atinzwira ngoni.

3 Tinzwirei ngoni, imi Jehovha, tinzwirei ngoni,
nokuti takatsunga pakuzvidzwa kwakawanda.
4 Takatsunga zvikuru pakumhurwa kunobva kuna vanozvikudza,

nokuzvidzwa kuzhinji kunobva kuna vanozvikudza.

# Pisarema 124

Rwiyo rworwendo rwaDhavhidhi.
1 Israeri ngaati
dai Jehovha akanga asiri kurutivi kwedu,
2 dai Jehovha akanga asiri kurutivi kwedu
patakarwiswa navanhu,
3 apo kutsamwa kwavo kwakatimukira,
vangadai vakatimedza tiri vapenyu;
4 mafashamu angadai akatifukidza,
mvura zhinji ingadai yakatikukura,
5 mvura zhinji ine hasha
ingadai yakatirasira kure.

6 Jehovha ngaarumbidzwe,
asina kutendera kuti tibvamburwe nameno avo.
7 Tapunyuka seshiri yabva parugombe rwomuteyi;
rugombe rwadamburwa uye tapunyuka.
8 Kubatsirwa kwedu kuri muzita raJehovha,
Muiti wedenga nenyika.

# Pisarema 125

Rwiyo rworwendo.
1 Vanovimba naJehovha vakafanana neGomo reZioni,
risingazungunuswi asi rinogara nokusingaperi.
2 Sokupoteredzwa kwakaitwa Jerusarema namakomo,
saizvozvo Jehovha anopoteredza vanhu vake
kubva zvino nokusingaperi.

3 Tsvimbo yavasakarurama haingagari
pamusoro penyika yakagoverwa vakarurama,
nokuti ipapo vakarurama vangazotambanudzira
maoko avo kuita zvakaipa.

4 Haiwa Jehovha, itirai zvakanaka, kuna avo vakanaka,
kuna avo vane mwoyo yakarurama.
5 Asi avo vanotsaukira kunzira dzakaminama,
Jehovha achavaparadza pamwe chete navaiti vezvakaipa.

Rugare ngaruve pana Israeri.

# Pisarema 126

Rwiyo rworwendo.
1 Jehovha paakadzosa vatapwa kuZioni,
takanga tava savanhu vairota.
2 Miromo yedu yakanga izere nokuseka,
ndimi dzedu dzizere nenziyo dzomufaro.
Ipapo zvakanzi pakati pendudzi,
“Jehovha akavaitira zvinhu zvikuru.”
3 Jehovha atiitira zvinhu zvikuru,

uye tazara nomufaro.

4 Tidzorereizve nhaka yedu, imi Jehovha,
sehova dzeNegevhi.
5 Avo vanodyara nemisodzi
vachakohwa nenziyo dzomufaro.
6 Uyo anobuda achichema,
akatakura mbeu yokudyara,
achadzoka nenziyo dzomufaro,
akatakura zvisote.

# Pisarema 127

Rwiyo rworwendo rwaSoromoni.
1 Kana Jehovha asingavaki imba,
vavaki vayo vanoshandira pasina.
Kana Jehovha asingachengeti guta,
varindi vanomira vakarinda pasina.
2 Hazvina maturo kumuka mangwanani
nokunonoka kuvata,
uchitambudzikira zvokudya,
nokuti anopa hope kuna vaanoda.

3 Vanakomana inhaka inobva kuna Jehovha,
vana mubayiro unobva kwaari.
4 Semiseve mumaoko emhare
ndizvo zvakaita vanakomana voujaya.
5 Akaropafadzwa murume
ane goba rizere navo.
Havanganyadziswi
pavanokakavadzana navavengi vavo pasuo.

# Pisarema 128

Rwiyo rworwendo.
1 Vakaropafadzwa vose vanotya Jehovha,
vanofamba munzira dzake.
2 Uchadya chibereko chokushanda kwako;
maropafadzo nokubudirira zvichava zvako.
3 Mukadzi wako achava somuzambiringa unobereka,
pakati peimba yako;
vanakomana vako vachaita samabukira omuorivhi,
vakakomberedza tafura yako.
4 Ndizvo zvakaita munhu akaropafadzwa,
anotya Jehovha.

5 Jehovha ngaakuropafadzei kubva kuZioni,
mazuva ose oupenyu hwenyu;
muone henyu kubudirira kweJerusarema,
6 uye murarame kuti muone vana vavana venyu.

Rugare ngaruve pana Israeri.

# Pisarema 129

Rwiyo rworwendo.

1 Vakandidzvinyirira zvikuru kubva pauduku hwangu,
Israeri ngaati,
2 "Vakandidzvinyirira zvikuru kubva pauduku hwangu,
asi havana kundikunda.
3 Varimi vakarima musana wangu
vakaita miforo yavo mirefu."
4 Asi Jehovha akarurama,
akandisunungura pamabote avakaipa.

5 Vose vanovenga Zioni
ngavadzorerwe shure nenyadzi.
6 Ngavaite souswa pamusoro pedenga remba,
hunooma husati hwakura;
7 mukohwi haangazadzi maoko ake nahwo,
uye anounganidza haangazadzi maoko ake.
8 Vanopfuura nepo ngavarege kuti,
"Maropafadzo aJehovha ngaave pamusoro pako;
tinokuropafadza muzita raJehovha."

# Pisarema 130

Rwiyo rworwendo.

1 Ndinodanidzira kwamuri Jehovha,
ndiri pakadzika;
2 haiwa Jehovha, inzwai inzwi rangu.
Nzeve dzenyu ngadzinzwe kuchemera kwangu ngoni.

3 Dai imi, iyemi Jehovha, maironda zvakaipa zvomunhu,
haiwa Jehovha, ndianiko aimira?
4 Asi kwamuri kune kukanganwira;
naizvozvo imi munotyiwa.

5 Ndinomirira Jehovha, mweya wangu unomirira,
uye tariro yangu iri mushoko rake.
6 Mweya wangu unorindira Ishe
kupfuura varindi
vanomirira rungwanani.

7 Haiwa Israeri, isa tariro yako muna Jehovha,
nokuti Jehovha ane rudo rusingaperi
uye kwaari kune dzikinuro izere.
8 Iye pachake achadzikinura Israeri
kubva pazvivi zvavo zvose.

# Pisarema 131

Rwiyo rworwendo rwaDhavhidhi.

1 Haiwa Jehovha, mwoyo wangu hauzvikudzi,
meso angu haana manyawi;
handina hanya nezvinhu zvikuru
kana zvinhu zvinonyanya kushamisa.

2 Asi ndakadzikamisa uye ndakanyaradza mweya wangu;
somwana akarumurwa namai vake,
somwana akarumurwa, ndizvo zvakaita mweya wangu mandiri.

3 Haiwa Israeri, isai tariro yenyu pana Jehovha,
kubva zvino nokusingaperi.

# Pisarema 132

Rwiyo rworwendo.
1 Haiwa Jehovha, rangarirai Dhavhidhi
namatambudziko ake ose aakasangana nawo.
2 Akapika mhiko kuna Jehovha,
akaita mhiko kuna Wamasimba waJakobho achiti,
3 "Handingapindi mumba mangu
kana kuenda kundovata pamubhedha wangu,
4 handingatenderi hope mumaziso angu,
kana kutsumwaira mumeso angu,
5 kusvikira ndawana nzvimbo yaJehovha,
nzvimbo yokugara yoWamasimba waJakobho."

6 Takazvinzwa muEfurata,
takasangana nazvo muminda yeJaari tikati,
7 "Ngatiendei kunzvimbo yake yokugara;
ngatinamatei pachitsiko chetsoka dzake,
8 haiwa Jehovha, simukai muuye kunzvimbo yenyu yokuzorora,
imi neareka yesimba renyu.
9 Vaprista venyu dai vafukidzwa nokururama;
dai vatsvene venyu vaimba nomufaro."

10 Nokuda kwaDhavhidhi muranda wenyu,
musaramba muzodziwa wenyu.

11 Jehovha akapika mhiko kuna Dhavhidhi,
mhiko yechokwadi yaasingagoni kushandura achiti,
"Mumwe wechizvarwa chako
ndichamugadza pachigaro chako choushe,
12 kana vanakomana vako vakachengeta sungano yangu
nezvandakatema zvandakavadzidzisa,
ipapo vanakomana vavo
vachagara pachigaro chako choushe nokusingaperi-peri."

13 Nokuti Jehovha akasarudza Zioni,
akarida kuti huve ugaro hwake achiti,
14 "Iyi ndiyo nzvimbo yangu yokuzorora nokusingaperi-peri;
ipapa ndipo pandichagara samambo, nokuti ndakapada,
15 ndichariropafadza nezvakawanda;
ndichagutsa varombo varo nezvokudya.
16 Ndichafukidza vaprista varo noruponeso,
uye vatsvene varo vachagara vachiimba nomufaro.

17 "Pano ndipo pandichameresa nyanga yaDhavhidhi,

uye ndichatungidza mwenje womuzodziwa wangu.
18 Ndichafukidza vavengi vake nenyadzi,
asi korona yake ichabwinya kwazvo."

# Pisarema 133

Rwiyo rworwendo rwaDhavhidhi.
1 Zvakanaka uye zvinofadza sei
kana hama dzichigara pamwe chete mukubatana!
2 Zvakafanana namafuta anokosha adururirwa pamusoro,
anoerera kundebvu,
anoerera kundebvu dzaAroni,
anoburukira kusvikira pamipendero yenguo dzake.
3 Zvinoita sokuti dova reHerimoni
riri kuwira pamusoro peGomo reZioni.
Nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha,
ihwo upenyu husingaperi-peri.

# Pisarema 134

Rwiyo rworwendo.
1 Rumbidzai Jehovha, imi varanda vose vaJehovha,
vanoshumira usiku muimba yaJehovha.
2 Simudzai maoko enyu munzvimbo tsvene,
murumbidze Jehovha.

3 Dai Jehovha, iye Muiti wedenga napasi,
akuropafadzai kubva paZioni.

# Pisarema 135

1 Rumbidzai Jehovha.

Rumbidzai zita raJehovha;
murumbidzei, imi varanda vaJehovha,
2 imi munoshumira muimba yaJehovha,
muvanze dzeimba yaMwari wedu.

3 Rumbidzai Jehovha, nokuti Jehovha akanaka;
imbirai zita rake nziyo dzokurumbidza, nokuti ndizvo zvakanaka.
4 Nokuti Jehovha akasarudza Jakobho kuti ave wake,
naIsraeri kuti ave pfuma yake.

5 Ndinoziva kuti Jehovha mukuru,
uye kuti Ishe wedu mukuru kupfuura vamwari vose.
6 Jehovha anoita zvose zvinomufadza,
kudenga napasi,
nomumakungwa napakadzika pose.
7 Anoita kuti makore akwire kubva kumagumo enyika;
anotumira mheni nemvura,
uye anobudisa mhepo kubva mumatura ake.

8 Ndiye akaparadza matangwe eIjipiti,
matangwe avanhu neemhuka.

9 Akatumira zviratidzo nezvishamiso zvake mukati mako,
iwe Ijipiti, pamusoro paFaro navaranda vake vose.
10 Akaparadza ndudzi dzakawanda
uye akauraya madzimambo ane simba,
11 Sihoni mambo weAmori,
Ogi mambo weBhashani
namadzimambo ose eKenani,
12 akapa nyika yavo kuti ive nhaka,
nhaka yavanhu vake Israeri.

13 Haiwa Jehovha, zita renyu rinogara nokusingaperi,
mukurumbira wenyu, imi Jehovha, kuzvizvarwa zvose.
14 Nokuti Jehovha achapupurira vanhu vake
uye achava nenyasha pamusoro pavaranda vake.

15 Zvifananidzo zvendudzi isirivha negoridhe,
zvakaitwa namaoko avanhu.
16 Zvine miromo, asi hazvigoni kutaura,
zvina meso, asi hazvigoni kuona;
17 nenzeve, asi hazvigoni kunzwa,
uye hamuna kufema mumuromo mazvo.
18 Vaya vanozviita vachafanana nazvo,
saizvozvowo, naivo vanovimba nazvo.

19 Haiwa imi imba yaIsraeri, rumbidzai Jehovha;
haiwa imba yaAroni, rumbidzai Jehovha;
20 Haiwa imi imba yaRevhi, rumbidzai Jehovha;
imi vanomutya, rumbidzai Jehovha.
21 Jehovha ngaarumbidzwe kubva kuZioni,
iye agere muJerusarema.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 136

1 Vongai Jehovha, nokuti akanaka:
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
2 Vongai Mwari wavamwari:
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
3 Vongai Ishe wamadzishe:
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.

4 iye oga anoita zvishamiso zvikuru,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
5 iye akaita matenga nokunzwisisa kwake,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
6 iye akatambanudza nyika pamusoro pemvura zhinji,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
7 iye akaita zviedza zvikuru,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
8 zuva kuti ribate ushe masikati,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
9 mwedzi nenyeredzi kuti zvibate ushe usiku;

Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.

10 iye akarova matangwe eIjipiti,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
11 uye akabudisa Israeri kubva pakati pavo,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
12 noruoko rune simba uye noruoko rwakatambanudzwa,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.

13 iye akaparadzanisa Gungwa Dzvuku napakati,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
14 uye akayambutsa Israeri napakati paro,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
15 asi akakukura Faro nehondo yake muGungwa Dzvuku;
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.

16 iye akatungamirira vanhu vake nomugwenga,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
17 akarova madzimambo makuru,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
18 uye akauraya madzimambo ane simba,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
19 Sihoni mambo wavaAmori,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
20 naOgi mambo weBhashani,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
21 akavapa nyika yavo senhaka,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
22 nhaka kumuranda wake Israeri.
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.

23 Iye akatirangarira pakudzikisirwa kwedu,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
24 uye akatisunungura kubva pavavengi vedu,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.
25 uye anopa zvokudya kuzvisikwa zvose.
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.

26 Vongai Mwari wokudenga,
Nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.

# Pisarema 137

1 Panzizi dzeBhabhironi takagarapo tikachema,
patakarangarira Zioni.
2 Pamikonachando apo
ndipo patakaturika mbira dzedu,
3 nokuti ipapo avo vakatitapa vakatikumbira nziyo,
vatambudzi vedu vakatigombedzera kuti tiimbe nziyo dzomufaro, vakati,
"Tiimbirei rumwe rwiyo rweZioni!"

4 Tingaimba seiko nziyo dzaJehovha
tiri munyika yokumwe?
5 Kana ndikakukanganwa, iwe Jerusarema,
ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe umhizha hwarwo.
6 Rurimi rwangu ngarunamatire kumusoro kwomuromo wangu,
kana ndikasakurangarira iwe,
kana ndisingafungi Jerusarema,
iwo mufaro wangu wapamusoro-soro.

7 Haiwa Jehovha, rangarirai henyu zvakaitwa navaEdhomu,
pazuva rakawa Jerusarema.
Vakati, "Rikoromorei! Rikoromorei
kusvikira panheyo dzaro!"

8 Haiwa Mwanasikana weBhabhironi, watongerwa kuparadzwa,
achafara munhu uyo achatsiva
kwauri zvawakaita kwatiri,
9 iye achatora pwere dzako
agodzirovera pamatombo.

# Pisarema 138

Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndichakurumbidzai, imi Jehovha, nomwoyo wangu wose;
ndichaimba nziyo dzokukurumbidzai pamberi pa"vamwari."
2 Ndichakotamira pasi ndakatarisa kutemberi yenyu tsvene,
uye ndicharumbidza zita renyu
nokuda kworudo rwenyu nokutendeka kwenyu,
nokuti makakudza zita renyu
neshoko renyu pamusoro pezvinhu zvose.
3 Pandakadana, imi makandipindura;
makandishingisa nomwoyo wakasimba.

4 Madzimambo ose enyika ngaakurumbidzei, imi Jehovha,
pavanonzwa mashoko omuromo wenyu.
5 Ngavaimbe pamusoro penzira dzaJehovha, nokuti kubwinya kwaJehovha
kukuru.

6 Kunyange Jehovha ari kumusoro, anoona vanozvininipisa,
asi vanozvikudza anovaziva vari kure.
7 Kunyange ndikafamba pakati penhamo,
munochengetedza upenyu hwangu;
munotambanudza ruoko rwenyu pamusoro pehasha dzavavengi vangu,
munondiponesa noruoko rwenyu rworudyi.
8 Jehovha achazadzisa zvirongwa zvake neni;
rudo rwenyu, imi Jehovha, runogara nokusingaperi,
musasiya mabasa amaoko enyu.

# Pisarema 139

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Haiwa Jehovha, makandinzvera
uye munondiziva.
2 Munoziva nguva yandinogara neyandinosimuka;

munonzwisisa pfungwa dzangu muri kure.
3 Munonzvera kubuda kwangu nokuvata kwangu pasi;
munoziva nzira dzangu dzose.
4 Shoko risati rava parurimi rwangu,
tarirai, imi Jehovha, munoriziva rose.

5 Munondikomberedza shure nemberi;
makaisa ruoko rwenyu pamusoro pangu.
6 Kuziva kwakadai kunondishamisa,
kwakanyanya kukwirira zvokuti handingasvikiri.

7 Ndingaendepiko kuti ndibve paMweya wenyu?
Ndingatizirepiko kuti ndibve pamberi penyu?
8 Kana ndikakwira kumatenga, imi muriko;
kana ndikawarira mubhedha wangu kwakadzika, imi muriko.
9 Kana ndikasimuka namapapiro amambakwedza,
kana ndikandogara kumagumo egungwa,
10 kunyange ipapo ruoko rwenyu runondisesedza,
ruoko rwenyu rworudyi runondimbundikira.

11 Kana ndikati, "Zvirokwazvo rima richandivanza,
uye chiedza chinondikomberedza chichava usiku kwandiri,"
12 kunyange rima haringavi rima kwamuri;
usiku huchapenya samasikati,
nokuti rima rakaita sechiedza kwamuri.

13 Nokuti imi makasika zvomukatikati mangu;
makandiruka ndiri mudumbu ramai vangu.
14 Ndinokurumbidzai nokuti ndakaitwa nomutoo unotyisa uye unoshamisa;
mabasa enyu anoshamisa,
ndinonyatsozviziva kwazvo.
15 Mapfupa angu akanga asina kuvanzika kwamuri,
pandakanga ndaiswa munzvimbo yakavanda.
Pandakarukwa ndiri pakadzika penyika,
16 meso enyu akaona muviri usati waumbwa.
Mazuva ose andakarongerwa
akanga akanyorwa mubhuku renyu,
rimwe rawo risati ravapo.

17 Mirangariro yenyu inokosha sei kwandiri, imi Mwari!
Yakakura sei pakuverengwa kwayo!
18 Dai ndaiverenga,
ingadai yaikunda tsanga dzejecha pakuwanda.
Pandinopepuka,
ndinenge ndinemi.

19 Dai mukangouraya vakaipa, imi Mwari!
Endai kure neni, imi vanhu vokuteura ropa!
20 Ivo vanotaura nemi nomurangariro wakaipa;
vadzivisi venyu vanoshandisa zita renyu zvakaipa.
21 Ko, ini handivengi vanokuvengai here, imi Jehovha,

nokusema vaya vanokumukirai?
22 Handina chimwe chinhu asi kuvavenga ivo;
ndinovati vavengi vangu.

23 Ndinzverei, imi Mwari, mugoziva mwoyo wangu;
ndiedzei mugoziva kushuva kwendangariro dzangu.
24 Muone kana musina nzira yakaipa mandiri,
mugondifambisa munzira isingaperi.

# Pisarema 140

Kumutungamiri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.
1 Ndirwirei, imi Jehovha, pavanhu vakaipa;
ndidzivirirei pavanhu vanoita nechisimba.
2 Ivo vanofunga urongwa hwakaipa mumwoyo yavo,
uye vanomutsa hondo mazuva ose.
3 Vanorodza ndimi dzavo kuti dzipinze sedzenyoka;
uturu hwenyoka yechiva huri pamiromo yavo.
Sera

4 Ndichengetei, imi Jehovha, kubva mumaoko avakaipa;
ndidzivirirei pavanhu vanoita nechisimba
vanoronga kupinga tsoka dzangu.
5 Vanhu vanozvikudza vakandivanzira misungo;
vakatambanudza mabote emimbure yavo
uye vakateya ugombe munzira yandinofamba nayo.
Sera

6 Haiwa Jehovha, ndinoti kwamuri, "Ndimi Mwari wangu."
Haiwa Jehovha, inzwai kuchemera nyasha kwangu.
7 Haiwa Ishe Jehovha, imi mudzikinuri wangu ane simba,
anofukidza musoro wangu pazuva rehondo,
8 regai kupa vakaipa zvavanoda, imi Jehovha;
musarega urongwa hwavo huchibudirira,
kuti varege kuzvikudza.
Sera

9 Misoro yaavo vakandipoteredza
ngaifukidzwe nenhamo yakaparwa nemiromo yavo.
10 Mazimbe anopfuta ngaawire pamusoro pavo;
ngavakandwe mumoto,
mumakomba amatope, vasambomukazve.
11 Vane makuhwa ngavarege kusimbiswa panyika;
njodzi ngaivhime vanhu vanoita zvinhu nechisimba.

12 Ndinoziva kuti Jehovha akachengetera varombo kururamisirwa kwavo,
uye anotsigira vanoshayiwa pamhaka dzavo.
13 Zvirokwazvo vakarurama vacharumbidza zita renyu,
uye vakarurama vachagara pamberi penyu.

# Pisarema 141

Pisarema raDhavhidhi.
1 Haiwa Jehovha, ndinodana kwamuri; kurumidzai kuuya kwandiri.

Inzwai inzwi rangu pandinodana kwamuri.
2 Munyengetero wangu ngauiswe pamberi penyu sezvinonhuhwira;
kusimudzwa kwamaoko angu ngakuite sechibayiro chamadekwana.

3 Isai murindi pamuromo wangu, imi Jehovha;
chengetai mukova wemiromo yangu.
4 Mwoyo wangu ngaurege kukweverwa kune zvakaipa,
kuti ndiitewo mabasa akaipa
navanhu vanoita zvakaipa;
ngandirege kudya zvinozipa zvavo.

5 Akarurama ngaandirove, ndidzo tsitsi;
ngaanditsiure, ndiwo mafuta pamusoro wangu.
Musoro wangu hauzorambi izvozvo.

Asi munyengetero wangu unorwisa mabasa avaiti vezvakaipa nguva dzose.
6 Vatongi vavo vachakandwa kumawere,
uye vakaipa vachadzidza kuti mashoko angu akanga akanaka kwazvo.
7 Ivo vachati, "Sezvinoita anorima achiparurа pasi,
saizvozvo mapfupa edu akaparadzirwa pamuromo weguva."

8 Asi meso angu anotarira kwamuri, imi Ishe Jehovha;
ndinotizira kwamuri, regai kundiisa kurufu.
9 Ndichengetei pamisungo yavakanditeya nayo,
napaugombe hwakadzikwa navaiti vezvakaipa.
10 Vakaipa ngavawire mumimbure yavo,
ini ndichipfuura napo norugare.

# Pisarema 142

Masikiri raDhavhidhi. Paakanga ari mubako. Munyengetero.
1 Ndinodanidzira nenzwi guru kuna Jehovha;
ndinosimudzira inzwi rangu kuna Jehovha, kuti andinzwire nyasha.
2 Ndinodurura kugunun'una kwangu pamberi pake;
ndinotaura nhamo dzangu pamberi pake.

3 Mweya wangu paunoziya mandiri,
imi ndimi munoziva nzira yangu.
Munzira mandinofamba,
vanhu vakandivanzira misungo.
4 Tarirai kurudyi rwangu mugoona;
hakuna ane hanya neni.
Handina utiziro;
hakuna ane hanya noupenyu hwangu.

5 Ndinochema kwamuri, imi Jehovha; ndinoti,
"Ndimi utiziro hwangu,
nomugove wangu munyika yavapenyu."
6 Teererai kuchema kwangu,
nokuti ndiri pakushayiwa kukuru;
ndinunurei kuna avo vanondidzinganisa,
nokuti vanondikurira simba.

7 Ndibudisei mutorongo,
kuti ndirumbidze zita renyu.

Ipapo vakarurama vachandipoteredza
nokuda kwokunaka kwenyu kwandiri.

# Pisarema 143

Pisarema raDhavhidhi.
1 Haiwa Jehovha, inzwai munyengetero wangu,
ndinzwirei ngoni pakuchema kwangu;
uyai mundisunungure nokutendeka
uye nokururama kwenyu.
2 Musauyisa muranda wenyu mukutongwa,
nokuti hakuna mupenyu akarurama pamberi penyu.

3 Muvengi anondidzinganisa,
anondirovera pasi;
anondiita kuti ndigare murima
savaya vakafa kare.
4 Saizvozvo mweya wangu unoziya mukati mangu;
mwoyo wangu unovhundutswa mukati mangu.

5 Ndinorangarira mazuva akare kare;
ndinofungisisa pamusoro pamabasa enyu ose,
uye ndinofunga zvakaitwa namaoko enyu.
6 Ndinotambanudzira maoko angu kwamuri;
mweya wangu unokushuvai senyika yakaoma.
Sera

7 Haiwa Jehovha, kurumidzai kundipindura;
mweya wangu woziya.
Regai kundivanzira chiso chenyu
nokuti ndingazova savaya vakaburukira mugomba.
8 Mangwanani ngaandivigire shoko rorudo rwenyu rusingaperi,
nokuti ndinovimba nemi.
Ndiratidzei nzira yandinofanira kufamba nayo,
nokuti ndinosimudzira mweya wangu kwamuri.
9 Ndinunurei kubva kuvavengi vangu, imi Jehovha,
nokuti ndinozvivanza mamuri.
10 Ndidzidzisei kuita kuda kwenyu,
nokuti muri Mwari wangu;
mweya wenyu wakanaka
ngaunditungamirire panzira yakati chechetere.

11 Haiwa Jehovha, chengetedzai upenyu hwangu nokuda kwezita renyu;
ndibudisei panhamo, mukururama kwenyu.
12 Nyaradzai vavengi vangu, murudo rwenyu rusingaperi;
paradzai vavengi vangu vose,
nokuti ndiri muranda wenyu.

# Pisarema 144

Pisarema raDhavhidhi.

1 Jehovha Dombo rangu ngaarumbidzwe,
iye anodzidzisa
maoko angu kurwa.
2 Ndiye Mwari anondida uye nhare yangu,
shongwe yangu nomudzikinuri wangu,
nenhoo yangu uye ndinovanda maari,
iye anoisa marudzi pasi pangu.

3 Haiwa Jehovha, munhu chiiko zvamune hanya naye?
Kana mwanakomana womunhu zvamunomufunga?
4 Munhu akafanana nomweya wokufema;
mazuva ake akaita somumvuri unopfuura.

5 Zarurai matenga enyu, imi Jehovha, uye muburuke;
batai makomo, kuti apfungaire utsi.
6 Tumirai mheni mugoparadzira vavengi;
pfurai miseve yenyu mugovapedza.
7 Tambanudzai ruoko rwenyu kubva kumusoro;
ndirwirei uye mundinunure
kubva pamvura zhinji ine simba,
kubva mumaoko avatorwa
8 vane miromo izere nenhema,
maoko avo orudyi anonyengera.

9 Haiwa Mwari, ndichakuimbirai rwiyo rutsva;
ndichakuimbirai nziyo dzokurumbidza nomutengeranwa une hungiso gumi,
10 iye anopa kukunda kumadzimambo,
anorwira muranda wake Dhavhidhi kubva pamunondo unouraya.

11 Ndirwirei uye mundinunure
kubva pamaoko avatorwa,
vane miromo izere nenhema,
vane maoko orudyi anonyengera.

12 Ipapo vanakomana vedu pauduku
hwavo vachava semiti yakakura zvakanaka,
uye vanasikana vedu vachava sembiru dzakavezwa
kuti dzishongedze muzinda wamambo.
13 Matura edu achazadzwa
nemhando dzose dzezviyo.
Makwai edu achawanda nezviuru,
nezviuru gumi mumafuro edu;
14 nzombe dzedu dzichatakura mitoro inorema.
Hapachazova nokuputswa kwamasvingo,
hapachazova nokuenda kuutapwa,
hapachazova nokuchema nenhamo, munzira dzedu dzomumisha.

15 Vakaropafadzwa vanhu avo vachaitirwa saizvozvi;
vakaropafadzwa vanhu avo vana Jehovha Mwari wavo.

# Pisarema 145

Pisarema rokurumbidza, raDhavhidhi.
1 Ndichakukudzai, Mwari wangu Mambo;
ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi-peri.
2 Ndichakurumbidzai mazuva ose,
uye ndichakudza zita renyu nokusingaperi-peri.

3 Jehovha mukuru uye akafanira kurumbidzwa;
ukuru hwake hahunganzverwi nomunhu.
4 Rumwe rudzi rucharumbidza mabasa enyu kuno rumwe;
vachareva zvamabasa enyu esimba.
5 Vachataura nezvokunaka kwokubwinya kwoumambo hwenyu,
uye ndichafungisisa pamusoro pemabasa enyu anoshamisa.
6 Vanhu vachataura nezvesimba ramabasa enyu anotyisa,
uye ndichaparidza mabasa enyu makuru.
7 Vachapemberera kuwanda kwokunaka kwenyu,
uye vachaimba nomufaro pamusoro pokururama kwenyu.

8 Jehovha ane nyasha uye ane tsitsi,
anononoka kutsamwa uye azere norudo.
9 Jehovha akanaka kuna vose;
uye ane nyasha pamusoro pezvose zvaakaita.
10 Zvose zvamakaita zvichakurumbidzai, imi Jehovha;
vatsvene venyu vachakukudzai.
11 Vachataura nezvokubwinya kwoumambo hwenyu,
uye vachataura nezvesimba renyu,
12 kuitira kuti vanhu vose vazive nezvamabasa enyu makuru,
nokunaka kwokubwinya kwoumambo hwenyu.
13 Umambo hwenyu umambo hwokusingaperi,
uye ushe hwenyu hunogara kusvikira kuzvizvarwa zvose.

Jehovha akatendeka pavimbiso dzake dzose,
uye ane rudo kuzvinhu zvose zvaakaita.
14 Jehovha anotsigira vose vanowa,
uye anosimudza vose vakakotamiswa pasi.
15 Meso avose anotarira kwamuri,
uye munovapa zvokudya zvavo nenguva yakafanira.
16 Munozarura ruoko rwenyu, uye munogutsa zvisikwa zvipenyu zvose nezvazvinoda.

17 Jehovha akarurama panzira dzake dzose, uye ane rudo kuzvinhu zvose zvaakaita.
18 Jehovha ari pedyo navose vanodana kwaari, kuna vose vanodana kwaari muchokwadi.
19 Anozadzisa zvido zvaavo vanomutya;
anonzwa kuchema kwavo uye anovaponesa.
20 Jehovha anochengeta vose vanomuda,
asi achaparadza vakaipa vose.

21 Muromo wangu uchataura kurumbidzwa kwaJehovha.
Zvisikwa zvose ngazvirumbidze zita rake dzvene
nokusingaperi-peri.

# Pisarema 146

1 Rumbidza Jehovha.

Rumbidza Jehovha, iwe mweya wangu.

2 Ndicharumbidza Jehovha mazuva ose oupenyu hwangu;
ndichaimbira Mwari wangu nziyo dzokurumbidza ndichiri mupenyu.

3 Regai kuvimba namachinda,
navanhu vanofa, vasingagoni kuponesa.
4 Mweya yavo painoenda, ivo vanodzokera kuvhu;
pazuva racho iroro urongwa hwavo hunova pasina.

5 Akaropafadzwa munhu uyo ano mubatsiri wake Mwari waJakobho,
tariro yake iri muna Jehovha Mwari wake,
6 Muiti wedenga nenyika,
gungwa uye nezvose zviri mariri, iye Jehovha,
anogara akatendeka nokusingaperi.
7 Anomiririra zvinodiwa nevakadzvinyiririrwa,
uye anopa zvokudya vane nzara.
Jehovha anosunungura vasungwa.
8 Jehovha anosvinudza mapofu,
Jehovha anosimudza avo vakakotamiswa pasi,
Jehovha anoda vakarurama.
9 Jehovha anorinda vatorwa
uye anoriritira nherera nechirikadzi,
asi anokonesa nzira dzavakaipa.

10 Jehovha anotonga nokusingaperi,
Mwari wako, iwe Zioni, kuzvizvarwa zvose.

Rumbidza Jehovha.

# Pisarema 147

1 Rumbidzai Jehovha.

Zvakanaka sei kuimbira Mwari wedu nziyo dzokurumbidza,
zvinofadza uye zvakafanira sei kumurumbidza!

2 Jehovha anovaka Jerusarema;
anounganidza vakadzingwa vaIsraeri.
3 Anoporesa vane mwoyo yakaputsika,
uye anosunga maronda avo.

4 Anotara kuwanda kwenyeredzi,
anodana imwe neimwe nezita rayo.
5 Ishe wedu mukuru uye ane simba guru;
kunzwisisa kwake hakuperi.
6 Jehovha anotsigira vanozvininipisa,
asi anowisira pasi vakaipa.

7 Imbirai Jehovha nokuvonga;

muimbire Mwari wedu nziyo dzokurumbidza nembira.
8 Anofukidza denga namakore;
anopa nyika mvura,
uye anomeresa uswa pazvikomo.
9 Anopa mombe zvokudya
navana vamakunguo pavanochema.

10 Mufaro wake hausi musimba rebhiza,
uye mufaro wake hausi pamakumbo omunhu;
11 Jehovha anofadzwa naavo vanomutya,
vanoisa tariro yavo parudo rwake rusingaperi.

12 Kudza Jehovha, iwe Jerusarema;
rumbidza Mwari wako, iwe Zioni,
13 nokuti anosimbisa mazariro amasuo ako,
uye anoropafadza vanhu vako vari mauri.
14 Anopa rugare pamiganhu yako,
uye anokugutsa nezviyo zvakaisvonaka.

15 Anotuma murayiro wake kunyika;
shoko rake rinomhanya kwazvo.
16 Anowarira chando samakushe amakwai,
uye anoparadzira chando samadota.
17 Anokanda chimvuramabwe pasi sezvimedu.
Ndianiko angamira kana chando chake charova?
18 Anotuma shoko rake rigozvinyungudisa;
anomutsa mhepo yake, mvura zhinji igoerera.

19 Akazarurira Jakobho shoko rake,
mirayiro yake nezvirevo zvake kuna Israeri.
20 Haana kumboita izvi kuno rumwe rudzi;
havazivi mirayiro yake.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 148

1 Rumbidzai Jehovha.

Rumbidzai Jehovha kubva kumatenga,
murumbidzei panzvimbo dzokumusoro-soro.
2 Murumbidzei, imi vatumwa vake vose,
murumbidzei, imi hondo dzake dzose dzokudenga.
3 Murumbidzei, imi zuva nomwedzi,
murumbidzei, imi nyeredzi dzose dzinopenya.
4 Murumbidzei, imi matenga ari kumusoro-soro,
nemi mvura zhinji iri pamusoro pamatenga.
5 Ngazvirumbidze zita raJehovha,
nokuti akarayira, izvo zvikasikwa.
6 Akazviisa panzvimbo yazvo nokusingaperi-peri,
akapa chirevo chisingazombopfuuri.

7 Rumbidzai Jehovha imi nyika,
imi zvisikwa zvikuru zvegungwa nokwakadzika kwenyanza,
8 nemi mheni nechimvuramabwe, chando namakore,
dutu remhepo rinoita zvaakareva,
9 imi makomo nemi zvikomo zvose,
miti inobereka nemisidhari yose,
10 mhuka dzesango nemombe dzose,
zvisikwa zvidiki neshiri dzinobhururuka,
11 Madzimambo enyika nendudzi dzose,
imi machinda nemi vatongi vose panyika,
12 majaya nemhandara,
vatana navana.

13 Ngavarumbidze zita raJehovha,
nokuti zita rake iye oga iguru;
kubwinya kwake kuri pamusoro penyika namatenga.
14 Akasimudzira vanhu vake runyanga,
iyo rumbidzo yavatsvene vake vose,
yaIsraeri, vanhu vari pedyo nomwoyo wake.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 149

1 Rumbidzai Jehovha.

Imbirai Jehovha rwiyo rutsva,
rumbidzo yake paungano yavatsvene.

2 Israeri ngavafarire Muiti wavo;
vanhu veZioni ngavafarire Mambo wavo.
3 Ngavarumbidze zita rake vachitamba,
uye vamuridzire nziyo namatambureni nembira.
4 Nokuti Jehovha anofarira vanhu vake;
vanozvininipisa anovashongedza korona noruponeso.
5 Vatsvene ngavafare nokukudzwa kwake,
uye vaimbe nomufaro vari pamibhedha yavo.

6 Kurumbidzwa kwaMwari ngakuve pamiromo yavo,
nomunondo unocheka kwose, mumaoko avo,
7 kuti vatsive pamusoro pendudzi,
uye varange marudzi avanhu,
8 vasunge madzimambo avo nengetani,
namakurukota avo nezvisungo zvamatare,
9 kuti vaite zvavakatongwa nazvo,
zvakanyorwa pamusoro pavo.
Ndiko kukudzwa kwavatsvene vose.

Rumbidzai Jehovha.

# Pisarema 150

1 Rumbidzai Jehovha.

Rumbidzai Mwari munzvimbo yake tsvene;
murumbidzei mumatenga esimba rake.
2 Murumbidzei nokuda kwamabasa ake esimba;
murumbidzei nokuda kwoukuru hwake hunokunda zvose.
3 Murumbidzei nenzwi rehwamanda,
murumbidzei nembira nomutengeranwa.
4 Murumbidzei nematambureni muchitamba,
murumbidzei norudimbwa nenyere.
5 Murumbidzei namakandira anorira,
murumbidzei namakandira anorira kwazvo.

6 Zvinhu zvose zvinofema, ngazvirumbidze Jehovha.

Rumbidzai Jehovha.

# ZVIREVO

*Mavambo: Chinangwa neDingindira*

1 Zvirevo zvaSoromoni mwanakomana waDhavhidhi, mambo weIsraeri:
2 kuti uwane uchenjeri nokurayirwa;
nokunzwisisa mashoko enjere;
3 kuti uve noupenyu hwokuzvibata hune uchenjeri
uchiita zvakarurama nokururamisira uye nokuenzanisira;
4 kuti vasina mano vapiwe uchenjeri,
jaya ripiwe ruzivo namano,
5 vakachenjera ngavanzwe uye vagowedzera pakudzidza kwavo,
uye vanonzvera ngavawane kutungamirirwa,
6 kuti vanzwisise zvirevo nemifananidzo,
mashoko nezvirahwe zvavakachenjera.
7 Kutya Jehovha ndiwo mavambo ezivo,
asi mapenzi anoshora uchenjeri nokurayirwa.

*Kugamuchira Uchenjeri kunokurudzirwa*

*Yambiro pamusoro poUnyengeri*

8 Mwanakomana wangu, teerera,
kurayira kwababa vako, uye usarasa kudzidzisa kwamai vako.
9 Zvichava chishongo chakanaka pamusoro wako
nouketani hunoshongedza mutsipa wako.

10 Mwanakomana wangu, kana vatadzi vachikukwezva,
usabvuma zvavari kuda kuti uite.
11 Kana vakati, "Handei tose;
ngativandirei munhu timuuraye;
ngativandirei mweya usina mhosva;
12 ngativamedzei vari vapenyu, seguva,
uye vakakwana kudaro savaya vanodzika mugomba;
13 tichawana marudzi ose ezvinhu zvinokosha
tigozadza dzimba dzedu nezvatichapamba;
14 isa zvinhu zvako pamwe chete nesu,
tigova nechikwama chimwe chete,"
15 mwanakomana wangu, usabvumirana navo,
usaisa rutsoka panzira dzavo;
16 nokuti tsoka dzavo dzinomhanyira muchivi,
vanokurumidza kundodeura ropa.
17 Hazvibatsiri sei kutambanudza mumbure
shiri dzose dzichinyatsoona!
18 Varume ava vanovandira ropa ravo vomene;
vanozvivandira ivo pachavo!
19 Aya ndiwo magumo avaya vanotsvaka pfuma nenzira yakaipa;
inouraya vaya vanoiwana.

*Yambiro pamusoro poKuramba Uchenjeri*

20 Uchenjeri hunodanidzira nenzwi guru mumugwagwa,
hunokwidza inzwi rahwo pachivara;

21 kumusoro kwemigwagwa ine ruzha hunodanidzira,
pamasuo eguta hunotaura shoko rahwo huchiti:

22 "Kusvikira riniko imi vasina mano, muchingoda kugara musina mano?
Kusvikira riniko vaseki vachifarira kuseka,
uye mapenzi achivenga zivo?
23 Dai makateerera kutsiura kwangu,
ndingadai ndakadurura mwoyo wangu kwamuri
uye ndakazivisa pfungwa dzangu kwamuri.
24 Asi sezvo makandiramba pandakakudanai
uye pasina kana mumwe akateerera pandakatambanudza ruoko rwangu,
25 sezvo makashaya hanya nokurayira kwangu,
uye mukasagamuchira kutsiura kwangu,
26 iniwo ndichaseka panguva yenjodzi yenyu;
ndichaseka dambudziko parichakusvikirai,
27 dambudziko parichakukundai sedutu,
njodzi paichavhuvhuta pamusoro penyu sechamupupuri,
nhamo namatambudziko pazvichakukundai.

28 "Ipapo vachadana kwandiri asi ini handingavapinduri;
vachanditsvaka asi havangandiwani.
29 Sezvo vakavenga zivo
uye vakasasarudza kutya Jehovha,
30 sezvo vasina kugamuchira yambiro yangu,
uye vakashora kutsiura kwangu,
31 vachadya zvibereko zvenzira dzavo
uye vachazadzwa nezvibereko zvemano avo.
32 Nokuti kusateerera kwavasina mano kuchavaurayisa,
uye kushaya hanya kwamapenzi kuchavaparadza;
33 asi ani naani achanditeerera achagara murugare,
uye achagara akasununguka, asingatyi kuparadzwa."

# 2

*Kunaka kwoUchenjeri*

1 Mwanakomana wangu, kana ukagamuchira mashoko angu,
ukachengeta mirayiro yangu mauri,
2 ukarerekera nzeve yako kuuchenjeri
uye ukaisa mwoyo wako pakunzwisisa,
3 uye kana ukadanidzira kuti uwanze njere
uye ukadanidzira nenzwi guru kuti uwane kunzwisisa,
4 uye kana ukahutsvaka sounotsvaka sirivha
nokuhutsvaka sounotsvaka pfuma yakavanzwa,
5 ipapo uchanzwisisa kutya Jehovha
uye uchawana ruzivo rwaMwari.
6 Nokuti Jehovha anopa uchenjeri,
uye mumuromo make munobuda zivo nokunzwisisa.
7 Anochengetera vakarurama kukunda,
iye ndiye nhoo kuna avo vane mufambiro usina chaunopomerwa,
8 nokuti anochengetedza nzira yavakarurama,
uye anodzivirira nzira yavakatendeka vake.

9 Ipapo uchanzwisisa zvakarurama,
kururamisira nokuenzanisira nzira dzose dzakanaka.
10 Nokuti uchenjeri huchapinda mumwoyo mako,
uye ruzivo ruchafadza mweya wako.
11 Kungwara kuchakuchengetedza,
uye kunzwisisa kuchakurinda.
12 Uchenjeri huchakuponesa panzira dzavanhu vakaipa,
vanhu vane mashoko asakarurama,
13 vanosiya nzira yakarurama
kuti vafambe munzira dzerima,
14 vanofarira kuita zvakaipa
uye vanofarira kusarurama kwezvakaipa,
15 vane nzira dzakaminama
uye vanonyengera pamaitiro avo.

16 Zvichakuponesazve pamukadzi chifeve,
kubva pamudzimai asingazvibati, anokwezva namashoko ake,
17 uyo akasiya murume woumhandara hwake
uye akashaya hanya nesungano yaakaita pamberi paMwari.
18 Nokuti imba yake inoenda kurufu,
uye nzira dzake kumweya yavakafa.
19 Hakuna anoenda kwaari achidzoka
kana kuzowana nzira dzoupenyu.

20 Naizvozvo iwe uchafamba munzira dzavanhu vakanaka
uye ucharamba uri munzira dzavakarurama.
21 Nokuti vakarurama vachagara munyika,
uye vasina chavanopomerwa vacharamba vari mairi;
22 asi vakaipa vachaparadzwa panyika,
uye vasina kutendeka vachabviswa pairi.

# 3

*Munhu ngaatye Jehovha, avimbe naye uye amuteerere*

1 Mwanakomana wangu, usakanganwa kudzidzisa kwangu,
asi uchengete mirayiro yangu mumwoyo mako,
2 nokuti zvichawedzera makore mazhinji kuupenyu hwako,
uye nokubudirira.
3 Rudo nokutendeka ngazvirege kukusiya;
uzvisungirire pamutsipa wako,
zvinyore pahwendefa romwoyo wako.
4 Ipapo uchawana nyasha nezita rakanaka
pamberi paMwari navanhu.

5 Vimba naJehovha nomwoyo wako wose
urege kuzendamira panjere dzako;
6 munzira dzako dzose umutungamidze,
uye acharuramisa nzira dzako.

7 Usazviita munhu akachenjera pamaonero ako;
itya Jehovha uvenge zvakaipa.
8 Izvi zvichava utano pamuviri wako

uye nokusimbiswa kwamapfupa ako.

9 Kudza Jehovha nepfuma yako,
zvokutanga zvezvirimwa zvako;
10 ipapo matura ako achazadzwa kusvikira pakufashukira,
uye makate ako achazara kusvika pamusoro newaini itsva.

11 Mwanakomana wangu, usazvidza kuranga kwaJehovha,
uye usatsamwira kutsiura kwake,
12 nokuti Jehovha anoranga avo vaanoda,
sababa nomwanakomana wavanofarira.

13 Akaropafadzwa munhu anowana uchenjeri,
munhu anowana kunzwisisa,
14 nokuti hwakanyanya kunaka kupfuura sirivha,
uye hunopfumisa kupfuura goridhe.
15 Hunokosha kupfuura marubhi;
zvose zvaunoshuva hazvingafananidzwi nahwo.
16 Mazuva mazhinji oupenyu ari muruoko rwahwo rworudyi;
muruboshwe rwahwo mune upfumi nokukudzwa.
17 Nzira dzahwo dzinofadza,
uye makwara ahwo ose rugare.
18 Ndihwo muti woupenyu kuna vose vanohumbundikira;
vose vanohubata vacharopafadzwa.

19 Nouchenjeri Jehovha akateya nheyo dzenyika,
nokunzwisisa akaisa matenga munzvimbo dzawo;
20 noruzivo rwake mvura dzakadzika dzakapatsanurwa,
uye makore akadonhedza dova.

21 Mwanakomana wangu, chengetedza kutonga kwakanaka nokungwara,
usazvirega zvichibva pameso ako;
22 zvichava upenyu kwauri,
chishongo chakanaka pamutsipa wako.
23 Ipapo uchafamba panzira yako murugare,
uye rutsoka rwako harungagumburwi;
24 paunovata pasi, haungatyi; paunovata pasi,
hope dzako dzichava dzakanaka.
25 Usatya zvako dambudziko rinovhundutsa
kana kuparadza kunokunda vakaipa,
26 nokuti Jehovha achava chivimbo chako
uye achachengeta rutsoka rwako kuti rurege kubatwa.

27 Usarega kuitira zvakanaka kuno uyo akafanirwa nazvo,
kana zviri musimba rako kuzviita.
28 Usati kumuvakidzani wako,
"Ugodzoka imwe nguva; ndichazokupa mangwana,"
iwe uchitova nazvo pauri.

29 Usaronga kuitira muvakidzani wako zvakaipa,
anogara nechivimbo pedyo newe.

30 Usapomera munhu mhosva pasina chikonzero,
iye asina zvaakutadzira.

31 Usachiva munhu anoita zvinhu nechisimba,
kana kusarudza ipi zvayo yenzira dzake,
32 nokuti Jehovha anovenga munhu akatsauka,
asi anoudza akarurama zvaanoda kuita.

33 Kutuka kwaJehovha kuri paimba yeakaipa,
asi anoropafadza musha womunhu akarurama.
34 Anoseka vaseki vanozvikudza,
asi anoitira nyasha vanozvininipisa.
35 Vakachenjera vanowana kukudzwa,
asi mapenzi anozviwanira kunyadziswa.

# 4

*Uchenjeri chinhu chikuru*

1 Teererai, vanakomana vangu, kurayira kwababa venyu;
nyatsoteererai mugowana kunzwisisa.
2 Ndinokupai dzidziso yakanaka,
saka regai kurasa dzidziso yangu.
3 Pandakanga ndiri mukomana mumba mababa vangu,
ndichiri muduku uye mwana mumwe chete wamai vangu,
4 baba vangu vakandidzidzisa vachiti,
“Mwoyo wako ngaubatisise mashoko angu;
chengeta mirayiro yangu ugorarama.
5 Wana uchenjeri, wana kunzwisisa;
usakanganwa mashoko angu kana kubva paari.
6 Usarasa uchenjeri, ipapo huchakuchengeta;
hude, ihwo hugokurinda.
7 Uchenjeri chinhu chikuru; naizvozvo wana uchenjeri.
Kunyange huchikutorera zvose zvaunazvo, wana kunzwisisa.
8 Uhukudze; ipapo huchakusimudzira;
uhumbundikire, ipapo huchakukudza.
9 Huchakupfekedza chishongo chenyasha mumusoro mako,
uye huchakupa korona yokubwinya.”
10 Teerera, mwanakomana wangu, gamuchira zvandinotaura,
ipapo makore oupenyu hwako achava mazhinji.
11 Ndinokudzidzisa nzira youchenjeri
uye ndiri kukutungamirira panzira dzakarurama.
12 Paunofamba, tsoka dzako hadzingapinganidzwi,
paunomhanya, haungagumburwi.
13 Batisisa kurayirwa, usarega kuchienda;
nyatsokurinda zvakanaka, nokuti ndihwo upenyu hwako.
14 Usaisa rutsoka panzira dzavakaipa,
kana kufamba panzira dzavanhu vakaipa.
15 Udzinzvenge, usafamba padziri;
tsauka padziri ugopfuurira mberi.
16 Nokuti havangavati vasati vaita zvakaipa;
havangabatwi nehope kusvikira vaita kuti mumwe munhu aputsike.
17 Vanodya zvokudya zvezvakaipa,

uye vanonwa waini yezvechisimba.

18 Nzira yavakarurama yakafanana nechiedza chamambakwedza,
chinoramba chichiwedzera kubwinya kusvikira pachiedza chamasikati makuru.
19 Asi nzira yavakaipa yakaita serima guru;
havazivi zvinoita kuti vagumburwe.

20 Mwanakomana wangu, nyatsoteerera zvandinotaura;
teereresa kumashoko angu.
21 Usaite kuti abve pameso ako,
achengete pakati pomwoyo wako;
22 nokuti upenyu kuna avo vanoawana
uye noutano kumuviri wose womunhu.
23 Pamusoro pazvo zvose, chengetedza mwoyo wako,
nokuti ndicho chitubu choupenyu.
24 Bvisa zvinotsausa pamuromo wako;
kutaura kwakaora ngakuve kure nemiromo yako.
25 Meso ako ngaatarire mberi bedzi,
ramba wakatarira mberi kwako.
26 Gadzirira tsoka dzako gwara
ugofamba munzira dzakasimba chete.
27 Usatsaukira kurudyi kana kuruboshwe;
chengetedza rutsoka rwako kuti rusaende pane zvakaipa.

## 5

*Yambiro pamusoro poUpombwe*

1 Mwanakomana wangu, nyatsoteerera kuuchenjeri hwangu,
teereresa kumashoko angu oungwaru,
2 kuti ugare wakachengeta kungwara
uye kuti miromo yako ichengetedze zivo.
3 Nokuti miromo yomukadzi chifeve inodonha uchi,
nomutauriro wake unotedza kupfuura mafuta;
4 asi pakupedzisira anovava senduru,
anopinza somunondo unocheka namativi ose.
5 Tsoka dzake dzinoenda kurufu;
nhambwe dzake dzinonanga kuguva.
6 Haafungi pamusoro penzira youpenyu;
nzira dzake dzakaminama, asi iye haazvizivi.
7 Saka zvino, vanakomana vangu, nditeererei;
musatsauka pane zvandinotaura.
8 Fambai nenzira iri kure naye,
musasvika pedyo nomusuo wemba yake,
9 kuti muregе kupa vamwe zvakanaka zvesimba renyu,
uye namakore enyu kuno uyo ane utsinye,
10 kuti vatorwa varege kudya upfumi hwenyu,
uye kushanda kwenyu nesimba kurege kupfumisa imba yomumwe munhu.
11 Pakupedzisira kwoupenyu hwako uchagomera,
kana nyama nomuviri wako zvaparadzwa.
12 Uchazoti, “Mavengero andaiita kurayirwa!

Mashorerero aiita mwoyo wangu kudzorwa!
13 Ndakanga ndisingateereri vadzidzisi vangu,
kana kunzwa varairidzi vangu.
14 Ndasvika pakuparara chaiko
pakati peungano yose."

15 Inwa mvura pachirongo chako chaicho,
mvura inoerera patsime rako chairo.
16 Ko, zvitubu zvako zvinofanira kuerera mumigwagwa here;
nzizi dzako dzemvura pazvivara?
17 Ngadzive dzako woga,
hadzitombofaniri kugoveranwa navatorwa.
18 Tsime rako ngariropafadzwe,
uye ufadzwe nomudzimai woujaya hwako.
19 Sehadzi yengururu inofadza, nehadzi yenondo yakanaka,
mazamu ake ngaakufadze nguva dzose,
ugare uchigutswa norudo rwake.
20 Unosungirweiko, mwanakomana wangu, nomukadzi chifeve?
Unombundikirireiko chipfuva chomukadzi womumwe murume?

21 Nokuti nzira dzomunhu dziri pachena pamberi paJehovha,
uye anoongorora nzira dzake dzose.
22 Zviito zvakaipa zvomunhu akaipa zvichamusunga;
tambo dzechivi chake dzichamubata iye kwazvo.
23 Achafa nokuda kwokushayiwa kuzvibata kwake,
atsauswa noupenzi hwake hukuru.

## 6

*Yambiro pamusoro poUpenzi*

1 Mwanakomana wangu, kana uchinge waita rubatso kumuvakidzani wako,
kana uchinge waita mhiko nokumbunda noruoko rwako kuno mumwe,
2 kana uchinge wasungwa nokuda kwezvawakataura,
wabatwa namashoko omuromo wako,
3 ipapo ita izvi, mwanakomana wangu,
kuti uzvisunungure, sezvo wawira mumaoko omuvakidzani wako!
Enda undozvininipisa;
ukumbire zvikuru kumuvakidzani wako!
4 Usatendera meso ako hope,
usatendera meso ako kutsumwaira.
5 Zvipukunyutse, semhara kubva paruoko rwomuvhimi,
seshiri kubva paugombe hwomuteyi.
6 Enda kusvosve, iwe simbe;
cherechedza nzira dzaro ugova wakachenjera!
7 Harina mutungamiri,
mutariri kana mutongi,
8 asi rinochengeta zvokudya zvaro muzhizha,
uye rinounganidza zvokudya zvaro pakukohwa.

9 Uchasvika riniko wakarara ipapo, iwe simbe?

Uchamuka riniko kubva pahope dzako?
10 Kumbovata zvishomanana, kumbotsumwaira zvishomanana,
kumbopeta maoko zvishomanana kuti ndizorore.
11 Naizvozvo urombo huchauya kwauri segororo,
uye kushayiwa somurwi akashonga nhumbi dzokurwa.

12 Munhu asina maturo uye anoita zvakaipa,
anofamba-famba achitaura zvakaora,
13 anochonya nameso ake,
anonongedzera netsoka dzake,
uye anodudzira neminwe yake,
14 anoronga zvakaipa nounyengeri mumwoyo make,
iyeyo anogaromutsa kupesana.
15 Naizvozvo njodzi ichamuwira munguva shoma shoma;
achaparadzwa nokukurumidza, pasina chingamubatsira.

16 Pane zvinhu zvitanhatu zvakavengwa naJehovha,
zvinomwe zvinomunyangadza zvinoti:
17 meso anozvikudza,
rurimi runoreva nhema,
maoko anodeura ropa risina mhosva,
18 mwoyo unoronga mano akaipa,
tsoka dzinokurumidza kumhanyira muzvakaipa,
19 chapupu chenhema chinodurura nhema,
uye munhu anomutsa kupesana pakati pehama.

*Yambiro pamusoro poUpombwe*

20 Mwanakomana wangu, chengetedza mirayiro yababa vako,
uye usarasa kudzidzisa kwamai vako.
21 Zvisungirire pamwoyo wako nokusingaperi;
uzvishonge pamutsipa wako.
22 Paunofamba zvichakutungamirira;
paucharara, zvichakurinda;
pauchamuka, zvichataura newe.
23 Nokuti mirayiro iyi ndiyo mwenje kwauri, dzidziso iyi ndiyo chiedza,
uye kudzora kwokurayira ndiko nzira youpenyu,
24 kunokuchengetedza pamukadzi asingazvibati,
kubva parurimi runonyengera rwomudzimai asingazvibati.
25 Usachiva runako rwake mumwoyo mako,
kana kumurega achikubata namaziso ake,
26 nokuti chifeve chinokuderedza kusvikira wafanana nechingwa,
uye mukadzi womumwe asi ari chifeve anoendesa upenyu hwako chaihwo kurufu.
27 Ko, munhu angaisa moto pamakumbo ake,
nguo dzake dzikasatsva here?
28 Ko, munhu angafamba pamazimbe anopisa,
tsoka dzake dzikasatsva here?
29 Ndizvo zvakaita uyo anorara nomudzimai womumwe murume;
hapana angabate mukadzi iyeyo akasarangwa.

30 Vanhu havazvidzi mbavha
kana ikaba kuti ipedze nzara yayo painenge yoziya.

31 Asi kana akabatwa, anofanira kuripa kakapetwa kanomwe,
kunyange zvichimutorera pfuma yose yeimba yake.
32 Asi munhu anoita upombwe, anoshayiwa njere;
ani naani anozviita anozviparadza iye pachake.
33 Kurohwa nokunyadziswa ndiwo mugove wake,
uye kunyadziswa kwake hakungatongobviswi;
34 nokuti godo rinomutsa hasha dzomurume,
uye haanganzwiri tsitsi kana otsiva.
35 Haangagamuchiri muripo upi zvawo;
acharamba fufuro, kunyange rakakura sei.

# 7

*Yambiro pamusoro poMukadzi Chifeve*

1 Mwanakomana wangu,
chengeta mashoko angu ugoviga mirayiro yangu mauri.
2 Chengeta mirayiro yangu ugorarama;
uchengete dzidziso dzangu semboni yeziso rako.
3 Uzvisungirire paminwe yako;
uzvinyore pahwendefa yomwoyo wako.
4 Uti kuuchenjeri, "Uri hanzvadzi yangu,"
uye uti kunzwisisa ndiyo hama yako;
5 zvichakuchengeta kure nomukadzi chifeve;
kubva pamudzimai asingazvibati anokwezva namashoko ake.
6 Napawindo remba yangu
ndakatarira panze nomumagirazi.
7 Ndakaona pakati pavasina mano
ndikacherechedza pakati pamajaya,
rimwe jaya rakanga risina njere.
8 Rakanga richidzika nomugwagwa pedyo nepakona yomukadzi uya,
richifamba rakananga kumba kwake,
9 panguva yorubvunzavaeni,
zuva ravira, kunze kwosviba.

10 Ipapo mukadzi akabuda kuzosangana naye,
akapfeka sechifeve uye azere nounyengeri.
11 Anotaura noruzha uye anozvikudza,
tsoka dzake hadzigari pamba;
12 imwe nguva ari munzira, imwe nguva ari pazvivara.
Anorindira pamakona ose.
13 Akamubata ndokumutsvoda,
uye nechiso chisina nyadzi akati:

14 "Ndine zvipiriso zvokuwadzana kumba kwangu;
nhasi ndazadzisa mhiko dzangu.
15 Saka ndauya kuzosangana newe;
ndanga ndichikutsvaka, zvino ndazokuwana!
16 Ndawaridza mubhedha wangu machira ane mavara,
anobva kuIjipiti.
17 Ndasasa zvinonhuhwira pamubhedha wangu, zvinoti:
mura, gavakava nesinamoni.

18 Uya, tinwe tigute norudo kusvikira mangwanani;
ngatifare zvedu norudo!
19 Murume wangu haako kumba,
akafamba rwendo rurefu.
20 Akatakura homwe yake izere nemari
uye haangadzoki kumba kusvikira pajenaguru."

21 Namashoko okunyengetedza akamutsausa;
akamukwezva nokutaura kwake kunonyengera.
22 Pakarepo akamutevera senzombe
inoenda kundobayiwa,
senondo inopinda mumusungo,
23 kusvikira museve wabaya chiropa chake,
seshiri inokurumidza kupinda muugombe,
asingazivi kuti zvichamuurayisa.

24 Saka zvino, vanakomana vangu, teererai kwandiri;
nyatsoteererai zvandinotaura.
25 Usarega mwoyo wako uchitsaukira kunzira dzake,
kana kurasikira pamakwara ake.
26 Vazhinji vakakuvadzwa naye vakawisirwa pasi;
vaakauraya vakawanda kwazvo.
27 Imba yake mugwagwa mukuru unoenda kuguva,
uchitungamirira kumakamuri orufu.

# 8

*Kudana kwoUchenjeri*

1 Ko, uchenjeri hahudanidziri here?
Kunzwisisa hakusimudziri inzwi rako here?
2 Panzvimbo dzakakwirira panzira,
pamharadzano dzenzira, ndipo pahumire;
3 parutivi rwamasuo okupinda muguta, pamikova,
hunodanidzirisa huchiti,
4 "Kwamuri, imi varume, ndinodanidzira;
ndinosimudzira inzwi rangu kuvanhu vose.
5 Imi vasina mano, wanai uchenjeri;
imi mapenzi, wanai kunzwisisa.
6 Teererai, nokuti ndine zvinhu zvinokosha zvokutaura;
ndinozarura muromo wangu kuti nditaure zvakarurama.
7 Muromo wangu unotaura zvokwadi,
nokuti miromo yangu inovenga zvakaipa.
8 Mashoko ose omuromo wangu akarurama;
hapana kana rimwe rakakombama kana rakaipa.
9 Kune ane njere ose zvawo akarurama,
akarurama kuna avo vane zivo.
10 Sarudza kurayira kwangu panzvimbo yesirivha,
ruzivo panzvimbo yegoridhe rakaisvonaka,
11 nokuti uchenjeri hunokosha kupfuura marubhi,
uye hapana chaungada chingaenzaniswa nahwo.

12 "Ini, uchenjeri ndinogara pamwe chete navakachenjera;

ndine ruzivo nenjere.
13 Kutya Jehovha ndiko kuvenga zvakaipa;
ndinovenga kuzvikudza namanyawi,
maitiro akaipa nokutaura kunonyangadza.
14 Zano nokutonga kwakanaka ndezvangu;
ndine kunzwisisa nesimba.
15 Madzimambo anobata ushe neni
uye vatongi vanodzika mirayiro yakarurama;
16 machinda anofambisa ushe neni,
navakuru vose vanotonga panyika.
17 Ndinoda avo vanondida,
uye vaya vanonditsvaka vanondiwana.
18 Pfuma nokukudzwa zvineni,
upfumi hunogara nokururama.
19 Chibereko changu chakanaka kupfuura goridhe rakaisvonaka;
zvandinobereka zvinopfuura sirivha yakaisvonaka.
20 Ndinofamba munzira dzokururama,
pamakwara okururamisira,
21 ndichipa upfumi kuna avo vanondida,
uye ndichiita kuti matura avo azare.

22 “Jehovha akandibudisa sebasa rake rokutanga pamabasa ake,
kutangira mabasa ake akare;
23 ndakagadzwa kubva pakusingaperi,
kubva pakutanga, nyika isati yavapo.
24 Makungwa asati avapo, ndakaberekwa,
pasati pava nezvitubu zvine mvura zhinji;
25 makomo asati aiswa munzvimbo dzawo,
zvikomo zvisati zvavapo, ndakaberekwa,
26 asati aita nyika neminda
kana guruva ripi zvaro renyika.
27 Ndakanga ndiripo paakaisa matenga munzvimbo dzawo,
paakaita denderedzwa pamusoro pamakungwa,
28 paakaita makore kudenga
uye paakasimbisa zvitubu zvamakungwa,
29 paakapa gungwa miganhu yaro
kuti mvura dzirege kudarika zvaakarayira,
uye paakateya nheyo dzenyika.
30 Ipapo ndini ndaiva mhizha parutivi rwake.
Ndaigara ndichifara zuva nezuva,
ndichifara nguva dzose pamberi pake,
31 ndichifadzwa nenyika yake yose
uye ndichifadzwa navanhu vose.

32 “Saka zvino, vanakomana vangu, teererai kwandiri;
vakaropafadzwa avo vanochengeta nzira dzangu.
33 Teererai kurayira kwangu mugova vakachenjera;
musakushayira hanya.
34 Akaropafadzwa munhu anoteerera kwandiri,
anorinda mazuva ose pamasuo angu.
Anomira pamukova womusuo wangu.

35 Nokuti ani naani anondiwana anowana upenyu
uye anogamuchira nyasha kubva kuna Jehovha.
36 Asi ani naani asingandiwani anozvikuvadza;
vose vanondivenga vanoda rufu."

# 9

*Kukoka kwoUchenjeri nekwoUpenzi*

1 Uchenjeri hwakavaka imba yahwo;
hwakaveza mbiru dzahwo nomwe.
2 Hwakabika nyama yahwo; uye hukagadzira waini yahwo;
hwakagadzirawo tafura yahwo.
3 Hwakatuma varandakadzi vahwo,
uye hunodanidzira kubva panzvimbo yakakwirira kwazvo yeguta.
4 Kuna avo vanoshayiwa njere hunoti,
"Vose vasina uchenjeri ngavauye muno!
5 Uyai, mudye zvokudya zvangu
munwe waini yandagadzira.
6 Siyai nzira dzenyu dzisina mano mugorarama;
fambai munzira yokunzwisisa.

7 "Ani naani anorayira mudadi anozvitsvakira kutukwa;
ani naani anotsiura munhu akaipa anozviwanira kutukwa.
8 Usatsiura mudadi kuti arege kukuvenga;
tsiura munhu akachenjera uye achakuda.
9 Rayira munhu akachenjera uye achawedzera uchenjeri hwake;
dzidzisa munhu akarurama uye achawedzera kudzidza kwake.

10 "Kutya Jehovha ndiwo mavambo ouchenjeri,
uye kuziva Iye Mutsvene ndiko kunzwisisa.
11 Nokuti neni mazuva ako achava mazhinji,
uye makore achawedzerwa kuupenyu hwako.
12 Kana uri wakachenjera, uchenjeri hwako huchakupa mubayiro;
kana uri mudadi, iwe woga ndiwe uchatambura."

13 Mukadzi benzi ane ruzha;
haana kudzikama uye haana zivo.
14 Anogara pamusuo wemba yake,
napachigaro chiri panzvimbo yakakwiririsa yeguta,
15 achidanidzira kuna avo vanenge vachipfuura napo,
vaya vanofamba zvakarurama nenzira yavo.
16 Anoti kuna vaya vasina njere,
"Vose vasina mano ngavauye muno!
17 Mvura yakabiwa inozipa;
zvokudya zvinodyirwa muchivande zvinonaka!"
18 Asi zvavasingazivi ndezvokuti mune vakafa,
uye kuti vanomushanyira vari mukati kati meguva.

# 10

*Zvirevo zvaSoromoni*

1 Zvirevo zvaSoromoni:

Mwanakomana akachenjera anofadza baba vake,
asi mwanakomana benzi anosuwisa mai vake.

2 Pfuma yakawanikwa zvakaipa haibatsiri chinhu,
asi kururama kunorwira parufu.

3 Jehovha haatenderi akarurama kuti anzwe nzara,
asi kupanga kwowakaipa anokusundira kure.

4 Maoko ane usimbe anoita kuti munhu ave murombo,
asi maoko anoshingaira anopfumisa.

5 Anounganidza zvirimwa muzhizha, mwanakomana akachenjera,
asi anorara munguva yokukohwa, mwanakomana anonyadzisa.

6 Maropafadzo ndiwo korona yomusoro woakarurama,
asi kuita nechisimba kuzere mumuromo womunhu akaipa.

7 Kuyeukwa kwowakarurama kuchava chikomborero,
asi zita rowakaipa richaora.

8 Akachenjera pamwoyo anogamuchira mirayiro,
asi benzi rinotaura zvisina maturo richaparara.

9 Munhu akarurama anofamba akachengetedzeka,
asi uyo anofamba nenzira dzakaminama achabatwa.

10 Uyo anochonya neziso roruvengo anouyisa kusuwa,
asi benzi rinotaura zvisina maturo richaparara.

11 Muromo womunhu akarurama chitubu choupenyu,
asi kuita nechisimba kuzere mumuromo womunhu akaipa.

12 Ruvengo runomutsa kupesana,
asi rudo runofukidzira zvakaipa zvose.

13 Uchenjeri hunowanikwa pamiromo yavane njere,
asi shamhu yakafanira musana wouyo asina njere.

14 Vanhu vakachenjera vanochengeta zivo,
asi muromo webenzi unotsvaka kuparara.

15 Upfumi hwavakapfuma ndiro guta ravo rina masvingo,
asi urombo ndiko kuparadzwa kwavarombo.

16 Mubayiro wavakarurama ndihwo upenyu,
asi zvinowanikwa nowakaipa ndiko kurangwa.

17 Uyo anoteerera kurayira anoratidza nzira youpenyu,
asi ani naani anozvidza kudzorwa anotsausa vamwe.

18 Uyo anovanza ruvengo rwake ane miromo inoreva nhema,
uye ani naani anoparadzira guhwa ibenzi.

19 Kana mashoko ari mazhinji, chivi hachingashayikwi,
asi uyo anodzora rurimi rwake akachenjera.

20 Rurimi rwakarurama isirivha yakaisvonaka,
asi mwoyo wowakaipa haubatsiri chinhu.

21 Miromo yemunhu akarurama inosimbisa vazhinji,
asi mapenzi anofa nokuda kwokushayiwa zivo.

22 Kuropafadza kwaJehovha kunowanisa upfumi,
uye haawedzeri matambudziko kwahuri.

23 Benzi rinofadzwa nokuita zvakaipa,
asi munhu anonzwisisa anofarira uchenjeri.

24 Zvinotyiwa nowakaipa ndizvo zvichaitika kwaari;
zvinoshuviwa nowakarurama zvichapiwa kwaari.

25 Kana dutu rapfuura napo, vakaipa havazowanikwi,
asi vakarurama vachamira vakasimba nokusingaperi.

26 Sevhiniga kumazino noutsi kumaziso,
ndizvo zvakaita simbe kuna avo vachamutuma.

27 Kutya Jehovha kunowedzera mazuva kuupenyu,
asi makore owakaipa achatapudzwa.

28 Tarisiro yowakarurama mufaro,
asi tariro dzowakaipa dzichaparadzwa.

29 Nzira yaJehovha ndiyo utiziro hwavakarurama,
asi ndiko kuparadzwa kwaavo vanoita zvakaipa.

30 Akarurama haangatongodzurwi,
asi vakaipa havangarambi vari munyika.

31 Muromo womunhu akarurama unobudisa uchenjeri,
asi rurimi rwakaipa ruchabviswa.

32 Miromo yomunhu akarurama inoziva zvakafanira,
asi muromo womunhu akaipa, zvakaipa chete.

## 11

1 Jehovha anovenga zviero zvinonyengera,
asi zviero zvakakwana zvinomufadza.
2 Kana kuzvikudza kwasvika, ipapo kunyadziswa kwasvikawo,
asi uchenjeri huri kune akazvininipisa.

3 Unhu hwavakarurama hunovatungamirira,

asi vasina kutendeka vanoparadzwa nokunyengera kwavo.

4 Pfuma haibatsiri chinhu pazuva rokutsamwa,
asi kururama kunorwira parufu.

5 Kururama kwavasina chavangapomerwa kunovaruramisira nzira yavo,
asi vakaipa vachaparadzwa nezvakaipa zvavo.

6 Kururama kwavakarurama kunovarwira,
asi vasina kutendeka vanosungwa nezvishuvo zvavo zvakaipa.

7 Kana munhu akaipa afa, tariro yake yaparara;
zvose zvaaitarisira kubva pasimba rake zvaparadzwa.

8 Munhu akarurama anonunurwa kubva mudambudziko,
uye rigoenda kuno munhu akaipa panzvimbo yake.

9 Munhu asina umwari anoparadza muvakidzani wake nomuromo wake,
asi kubudikidza nezivo akarurama anopunyuka.

10 Vakarurama pavanobudirira, guta rinofara;
vakaipa pavanoparara, kupembera nomufaro zvinonzwikwa.

11 Kubudikidza nokuropafadzwa kwomunhu akarurama,
guta rinosimudzirwa, asi nomuromo womunhu akaipa rinoparadzwa.

12 Munhu anoshayiwa uchenjeri anoseka muvakidzani wake,
asi munhu anonzwisisa anodzora rurimi rwake.

13 Guhwa rinoparadza chivimbo,
asi munhu akavimbika anochengetedza zvakavanzika.

14 Nokuda kwokushaya utungamiri rudzi runoparara,
asi varayiri vazhinji vanoita kuti kukunda kuvepo.

15 Uyo anoisira mumwe rubatso zvirokwazvo achaona nhamo,
asi ani naani anoramba kumbundana maoko achiita mhiko achapona.

16 Mukadzi ane mwoyo munyoro achakudzwa,
asi varume vane utsinye vachawana pfuma chete.

17 Munhu ane tsitsi anozviitira zvakanaka iye pachake,
asi munhu ane utsinye anozviunzira dambudziko.

18 Munhu akaipa anowana mubayiro wokunyengedzera,
asi uyo anodyara kururama anokohwa mubayiro wechokwadi.

19 Munhu akarurama zvechokwadi anowana upenyu,
asi uyo anotevera zvakaipa anoenda kurufu rwake.

20 Jehovha anovenga vanhu vane mwoyo yakaipa,

asi anofarira avo vane nzira dzisina chadzingapomerwa.

21 Zvirokwazvo akaipa acharangwa bedzi,
asi vakarurama vachasunungurwa.

22 Sezvakaita mukaro wegoridhe mumhino dzenguruve,
ndizvo zvakaitawo mukadzi akanaka pachiso asi asina njere.

23 Chishuvo cheakarurama chinoguma mune zvakanaka chete,
asi tariro yeakaipa inogumira mukutsamwirwa.

24 Mumwe munhu anongopa pachena, asi achitowana zvimwe zvakawanda;
mumwe anonyima zvaanofanira kupa, asi agova murombo.

25 Munhu anopavhurira achabudirira;
uyo anomutsiridza vamwe achamutsiridzwawo.

26 Vanhu vanotuka munhu anounganidza zviyo vamwe vasina,
asi mukomborero uchava korona youyo anofarira kutengesa.

27 Uyo anotsvaka zvakanaka achawana nyasha,
asi zvakaipa zvinosvika kune uyo anozvitsvaka.

28 Ani naani anovimba noupfumi hwake achawa,
asi akarurama achanaka seshizha nyoro.

29 Uyo anouyisa dambudziko kumhuri yake achagara nhaka yemhepo chete,
uye benzi richava muranda womunhu akachenjera.

30 Chibereko chokururama ndiwo muti woupenyu,
uye anotungamirira mweya yavanhu kuruponeso ndiye akachenjera.

31 Kana vakarurama vachiwana zvakavafanira panyika,
ko, kuzoti akaipa nomutadzi!

# 12

1 Ani naani anofarira kuzvirovedza anoda zivo,
asi uyo anovenga kudzorwa ibenzi.
2 Munhu akanaka anowana nyasha kubva kuna Jehovha,
asi Jehovha anotuka munhu ane mano akaipa.

3 Munhu haangasimbiswi nezvakaipa,
asi mudzi womunhu akarurama haungadzurwi.

4 Mudzimai ane unhu hwakanaka ikorona kumurume wake,
asi mudzimai anonyadzisa akafanana nokuora mumapfupa omurume wake.

5 Urongwa hwomunhu akarurama hwakarurama,
asi kurayira kwavakaipa kunonyengera.

6 Mashoko owakaipa anovandira ropa,
asi kutaura kwavakarurama kunovanunura.

7 Vanhu vakaipa vanobviswa pachigaro uye havazovapozve,
asi imba yowakarurama icharamba yakasimba.

8 Munhu anorumbidzwa maererano nouchenjeri hwake,
asi vanhu vane pfungwa dzakatsauka vanozvidzwa.

9 Zviri nani kuva munhu anoninipiswa asi iwe une muranda,
pane kuzviita munhu wapamusoro iwe usina zvokudya.

10 Munhu akarurama ane hanya nechipfuwo chake,
asi zviito zvakanaka zvowakaipa utsinye.

11 Uyo anoshanda mumunda wake achava nezvokudya zvakawanda,
asi uyo anongotevera zvisina maturo anoshayiwa zivo.

12 Vakaipa vanopanga zvakapambwa zvavanhu vakaipa,
asi mudzi woakarurama unobereka zvibereko.

13 Munhu akaipa anobatwa nokutaura kwake kwakaipa,
asi munhu akarurama anopunyuka padambudziko.

14 Kubva pazvibereko zvemiromo yake munhu anozadzwa nezvinhu zvakanaka,
zvirokwazvo sokupiwa mubayiro kwaanoitwa nebasa ramaoko ake.

15 Nzira yebenzi inoita seyakanaka kwaari,
asi munhu akachenjera anoteerera kurayira.

16 Benzi rinoratidza kutsamwa pakarepo,
asi munhu akachenjera anoshayira hanya kutukwa.

17 Chapupu chezvokwadi chinopa uchapupu hwezvokwadi,
asi chapupu chenhema chinoreva nhema.

18 Mashoko anotaurwa nokusarangarira anobaya somunondo,
asi rurimi rwomunhu akachenjera runoporesa.

19 Miromo yezvokwadi ichasimbiswa nokusingaperi,
asi rurimi runoreva nhema runogara kwechinguva chiduku.

20 Mune kunyengera mumwoyo yaavo vanoronga zvakaipa,
asi rufaro rwuri kune avo vanokurudzira rugare.

21 Akarurama haangatongowirwi nezvakaipa,
asi vakaipa vachava namatambudziko akavafanira.

22 Jehovha anovenga miromo inotaura nhema,
asi anofadzwa navanhu vanotaura chokwadi.

23 Munhu akachenjera anovanza zivo yake,
asi mwoyo yamapenzi inotaura zvoupenzi.

24 Maoko anoshingaira achatonga,
asi usimbe hunopedzisira mukushanda somuranda.

25 Mwoyo unopunyaira unoremedza munhu,
asi shoko nyoro rinomufadza.

26 Munhu akarurama anochenjerera ushamwari,
asi nzira yavakaipa inovatungamirira mukurasika.

27 Munhu ane usimbe haagochi mhuka yaabata,
asi munhu anoshingaira anokoshesa pfuma yake.

28 Munzira yokururama mune upenyu;
kwainoenda hakuna rufu.

# 13

1 Mwanakomana akachenjera anoteerera kurayira kwababa vake,
asi mudadi haateereri kana achitsiurwa.
2 Kubva pazvibereko zvomuromo wake munhu achadya zvinhu zvakanaka,
asi vasina kutendeka vanofarira kumanikidza.

3 Uyo anobata muromo wake anochengeta upenyu hwake,
asi uyo anokurumidzira kutaura achaparadzwa.

4 Simbe inopanga asi igoshayiwa chinhu,
asi zvishuvo zvavanoshingaira zvichazadziswa.

5 Vakarurama vanovenga nhema,
asi vakaipa vanouyisa kunyadziswa nokunyangadza.

6 Kururama kunorinda munhu ane unhu hwakanaka,
asi kuipa kunowisira mutadzi pasi.

7 Mumwe munhu anozviti mupfumi, asi asina chinhu;
mumwewo anozviti murombo, asi aine upfumi huzhinji.

8 Upfumi hwomunhu hunogona kudzikinura upenyu hwake,
asi murombo haana chinomutyisidzira.

9 Chiedza cheakarurama chinopenya kwazvo;
asi mwenje woakaipa uchadzimwa.

10 Kuzvikudza kunongouyisa kukakavara chete,
asi uchenjeri hunowanikwa mune avo vanogamuchira kurayirwa.

11 Mari yakawanikwa zvisakarurama ichakurumidza kupera,
asi uyo anounganidza mari zvishoma nezvishoma achaita kuti iwande.

12 Tariro kana ichinonoka inoodza mwoyo,
asi chishuvo chazadziswa muti woupenyu.

13 Uyo anozvidza kurayirwa achazozviripira izvozvo,
asi uyo anokudza murayiro achawana mubayiro.

14 Kudzidzisa kwowakachenjera itsime roupenyu,
rinobvisa munhu pamusungo worufu.

15 Kunzwisisa kwakanaka kunowanisa nyasha,
asi nzira yavasina kutendeka ihukutu.

16 Munhu wose akachenjera anoita zvinhu noruzivo,
asi benzi rinoratidza upenzi hwaro.

17 Nhume yakaipa inowira munjodzi,
asi munyai akatendeka anouya nokuporesa.

18 Uyo anozvidza kurayirwa achava murombo uye achanyadziswa,
asi ani naani anoteerera kurayirwa achakudzwa.

19 Chishuvo chazadziswa chinozipa pamweya,
asi mapenzi anovenga kusiya zvakaipa.

20 Uyo anofamba navakachenjera achachenjerawo,
asi shamwari yamapenzi ichakuvadzwa.

21 Zvakaipa zvinotevera mutadzi,
asi kubudirira ndiwo mugove wavakarurama.

22 Munhu akanaka anosiyira vana vevana vake nhaka,
asi upfumi hwomutadzi hunounganidzirwa vakarurama.

23 Munda womurombo ungabereka zvokudya zvakawanda,
asi kusaruramisira kunozvitsvairira kure.

24 Anorega kushandisa shamhu anovenga mwanakomana wake,
asi uyo anomuda anochenjerera kumuranga.

25 Vakarurama vanodya zvinogutsa mwoyo yavo,
asi dumbu reakaipa richanzwa nzara.

# 14

1 Mukadzi akachenjera anovaka imba yake,
asi benzi rinoputsa imba yaro namaoko aro.
2 Uyo ano mufambiro wakarurama anotya Jehovha,
asi uyo ano mufambiro wakatsauka anomuzvidza.

3 Kutaura kwebenzi kunouyisa shamhu kumusana kwaro,
asi miromo yavakachenjera inovadzivirira.

4 Kana pasina nzombe, chidyiro hachina chinhu,
asi pasimba renzombe ndipo panobva kukohwa kukuru.

5 Chapupu chechokwadi hachinyengeri,
asi chapupu chenhema chinodururа nhema.

6 Mudadi anotsvaka uchenjeri asi anohushaya,
asi ruzivo runouya zviri nyore kune anonzvera.

7 Gara kure nomunhu benzi,
nokuti haungawani ruzivo kubva pamiromo yake.

8 Uchenjeri hwomunhu akangwara ndiko kunzwisisa nzira dzake,
asi upenzi hwamapenzi ndihwo unyengeri.

9 Mapenzi anoseka kutendeuka pazvivi,
asi kuita zvakanaka kunowanikwa pakati pavakarurama.

10 Mwoyo mumwe nomumwe unoziva kutambudzika kwawo,
uye hapana munhu angagoverana nawo mufaro wawo.

11 Imba yeakaipa ichaparadzwa,
asi tende rowakarurama richabudirira.

12 Kune nzira inoita seyakanaka kumunhu,
asi kumagumo inotungamirira kurufu.

13 Kunyange mukuseka mwoyo unogona kurwadziwa,
uye mufaro ungangoperera mukusuwa.

14 Vasingatendi vachapiwa mubayiro wakazara wenzira dzavo,
uye munhu akanaka achapiwa mubayiro wenzira dzakewo.

15 Munhu asina mano anongotenda zvose zvose,
asi munhu akangwara anongwarira mafambiro ake.

16 Munhu akachenjera anotya Jehovha uye anovenga zvakaipa,
asi benzi rina manyawi uye harina hanya.

17 Munhu anokurumidza kutsamwa anoita zvinhu zvoupenzi,
uye munhu anoita zvounyengeri achavengwa.

18 Vasina mano vachagara nhaka youpenzi,
asi vakangwara vachapfekedzwa korona yezivo.

19 Vanhu vakaipa vachagwadama pamberi pavakanaka,
uye vakaipa pamasuo avakarurama.

20 Varombo vanoraswa kunyange navavakidzani vavo,
asi vapfumi vane shamwari zhinji.

21 Uyo anozvidza muvakidzani wake anotadza,
asi akaropafadzwa ane tsitsi kune vanoshayiwa.

22 Ko, vanoronga zvakaipa havarasiki here?
Asi avo vanoronga zvakanaka vanowana rudo nokutendeka.

23 Kushanda nesimba kwose kunopa mubayiro,
asi kungotaura kunotungamirira kuurombo bedzi.

24 Upfumi hwavakachenjera ikorona yavo,
asi upenzi hwamapenzi hunobereka upenzi.

25 Chapupu chechokwadi chinoponesa upenyu,
asi chapupu chenhema chinonyengera.

26 Uyo anotya Jehovha ane nhare yakasimba,
uye ichava utiziro kuvana vake.

27 Kutya Jehovha ndicho chitubu choupenyu,
kunodzora munhu kubva pamisungo yorufu.

28 Mukuwanda kwavanhu ndimo mune ukuru hwamambo,
asi pasina vanhu muchinda anoparadzwa.

29 Munhu ane mwoyo murefu anonzwisisa,
asi munhu anokurumidza kutsamwa anoratidza upenzi.

30 Mwoyo wakagadzikana unopa upenyu kumuviri,
asi ruchiva runoodza mapfupa.

31 Uyo anomanikidza varombo anoratidza kuti anozvidza Musiki wavo,
asi ani naani ane hanya nevanoshayiwa anokudza Mwari.

32 Kana njodzi yauya, akaipa anowisirwa pasi,
asi kunyange murufu akarurama ane utiziro.

33 Uchenjeri hunogara mumwoyo yavanohunzvera
uye kunyange pakati pamapenzi hunozvizivisa.

34 Kururama kunosimudzira rudzi,
asi chivi chinonyadzisa vanhu vapi zvavo.

35 Mambo anofarira muranda akachenjera,
asi muranda anonyadzisa achatsamwirwa naye.

# 15

1 Mhinduro nyoro inodzora kutsamwa,
asi shoko rinorwadza rinomutsa hasha.
2 Rurimi rwowakachenjera runobudisa zivo,
asi muromo webenzi unodurura upenzi.

3 Meso aJehovha ari pose pose,
achicherechedza vakaipa navakanaka.

4 Rurimi runouyisa kuporesa ndirwo muti woupenyu,
asi rurimi runonyengera runopwanya mweya.

5 Benzi rinoramba kurayira kwababa varo,
asi ani naani anogamuchira kurayirwa anoratidza kungwara.

6 Imba yowakarurama ine pfuma zhinji,
asi zvinowanikwa nowakaipa zvinomuunzira kutambudzika.

7 Miromo yavakachenjera inokusha zivo;
asi mwoyo yamapenzi haidaro.

8 Jehovha anovenga chibayiro chowakaipa,
asi munyengetero womunhu akarurama unomufadza.

9 Jehovha anovenga nzira yeakaipa,
asi anoda vaya vanotevera kururama.

10 Kurangwa kwakaomarara kwakamirira uyo anotsauka kubva panzira;
uyo anovenga kudzorwa achafa.

11 Rufu nokuparadzwa zviri pachena pamberi paJehovha,
ko, kuzoti mwoyo yavanhu!

12 Mudadi anovenga kudzorwa;
haangabvunzi vakachenjera.

13 Mwoyo wakafara, unofadza chiso,
asi mwoyo une shungu unopwanya mweya.

14 Mwoyo unonzvera unotsvaka ruzivo,
asi muromo webenzi unodya upenzi.

15 Mazuva ose omunhu anotambudzika akaipa,
asi mwoyo unofara une mutambo nguva dzose.

16 Zviri nani kuva nezvishoma uchitya Jehovha,
pane kuva nepfuma zhinji namatambudziko.

17 Zviri nani kuva nezvokudya zvomuriwo pane rudo,
pane kuva nemhuru yakakodzwa pane ruvengo.

18 Munhu ane hasha anomutsa bopoto,
asi munhu ane mwoyo murefu anonyaradza kukakavara.

19 Nzira yesimbe yakasoswa neminzwa,
asi nzira yavakarurama mugwagwa mukuru.

20 Mwanakomana akachenjera anounzira baba vake mufaro,
asi munhu benzi anozvidza mai vake.

21 Upenzi hunofadza munhu anoshayiwa njere,
asi munhu anonzwisisa anochengetedza nzira yakarurama.

22 Urongwa hunoparara kana pasina vanopa mazano,
asi vanopa mazano vakawanda hunobudirira.

23 Munhu anowana mufaro mukupa mhinduro yakanaka,
uye rakanaka seiko shoko rinouya nenguva!

24 Nzira youpenyu kumunhu akachenjera inokwidza kumusoro,
ichimuchengetedza kuti asaenda muguva.

25 Jehovha anoparadza imba yomunhu anozvikudza,
asi agochengeta miganhu yechirikadzi yakasimba.

26 Jehovha anovenga pfungwa dzowakaipa,
asi dzavakachena dzinomufadza.

27 Munhu anokara pfuma anouyisa kutambudzika kumhuri yake,
asi anovenga fufuro achararama.

28 Mwoyo wokururama unoyera mhinduro dzawo,
asi muromo woakaipa unodurura zvakaipa.

29 Jehovha ari kure neakaipa,
asi anonzwa munyengetero weakarurama.

30 Chiso chinobwinya chinofadza mwoyo,
uye mashoko akanaka anopa utano kumapfupa.

31 Uyo anoteerera kutsiura
kunopa upenyu achagara pakati pavakachenjera.

32 Uyo asina hanya nokurangwa anozvizvidza iye pachake,
asi ani naani anogamuchira kurayira achawana kunzwisisa.

33 Kutya Jehovha kunodzidzisa munhu uchenjeri,
uye kuzvininipisa kunotanga, kukudzwa kwozotevera.

# 16

1 Kuronga kwomwoyo ndekwomunhu,
asi mhinduro yorurimi inobva kuna Jehovha.
2 Nzira dzose dzomunhu dzinoita sedzakanaka pakuona kwake,
asi Jehovha anoyera zvinangwa.

3 Kumikidza kuna Jehovha chose chaunoita,
ipapo urongwa hwako huchabudirira.

4 Jehovha anoitira zvinhu zvose magumo azvo;

kunyange akaipa anomuitira zuva renjodzi.

5 Jehovha anovenga vose vane mwoyo inozvikudza.
Zvirokwazvo, havangaregi kurangwa.

6 Kubudikidza norudo nokutendeka, chivi chinoyananisirwa,
kubudikidza nokutya Jehovha munhu anorega kuita zvakaipa.

7 Kana nzira dzomunhu dzichifadza Jehovha,
anoita kuti kunyange vavengi vake vagarisane naye murugare.

8 Zviri nani kuva nezvishoma mukururama,
pane kuva nezvakawanda kwazvo mukusaruramisira.

9 Mumwoyo make munhu anoronga gwara rake,
asi Jehovha ndiye anotonga kufamba kwake.

10 Miromo yamambo inotaura seinotaura chirevo chaMwari,
uye muromo wake haufaniri kurega kururamisira.

11 Zviyero nezvienzaniso zvechokwadi zvinobva kuna Jehovha;
zviyero zvose zviri muhomwe ndiye akazviita.

12 Madzimambo anovenga kuita zvakaipa,
nokuti chigaro choushe chinosimbiswa nokururama.

13 Madzimambo anofarira miromo inotaura chokwadi;
anoremekedza munhu anotaura chokwadi.

14 Kutsamwa kwamambo inhume yorufu,
asi munhu akachenjera anonyaradza kutsamwa uku.

15 Kana chiso chamambo chichibwinya, zvinoreva upenyu,
nyasha dzake dzakaita segore remvura panguva yomunakamwe.

16 Zviri nani sei kuwana uchenjeri pane goridhe,
kusarudza njere pane sirivha!

17 Mugwagwa mukuru wavakarurama unonzvenga zvakaipa;
uye anochengeta nzira yake anochengeta upenyu hwake.

18 Kuzvikudza kunotangira kuparadzwa,
mweya wamanyawi unotangira kuwa.

19 Zviri nani kuva nomweya unozvininipisa pakati pavakadzvinyiririrwa
pane kugoverana zvakapambwa navanozvikudza.

20 Ani naani anoteerera kurayirwa achabudirira,
uye akaropafadzwa uyo anovimba naJehovha.

21 Vakachenjera pamwoyo vanonzi ndivo vanonzvera,

uye mashoko akanaka anokurudzira kurayirwa.

22 Njere itsime roupenyu kuna avo vanadzo,
asi upenzi hunouyisa kurangwa kumapenzi.

23 Mwoyo womunhu akachenjera unotungamirira muromo wake,
uye miromo yake inokurudzira kurayirwa.

24 Mashoko anofadza akafanana nezinga rouchi,
anozipa kumweya, anoporesa mapfupa.

25 Kune nzira inoita seyakanaka kumunhu,
asi magumo ayo inoenda kurufu.

26 Nzara yomushandi inomushandira;
nzara yake inoita kuti arambe achishanda.

27 Munhu asina maturo anoronga zvakaipa,
uye matauriro ake akaita somoto unopisa.

28 Munhu akatsauka anomutsa kupesana,
uye guhwa rinoparadzanisa shamwari dzepedyo.

29 Munhu anoita nechisimba anonyengera muvakidzani wake,
uye anomufambisa napanzira isina kunaka.

30 Uyo anochonya nameso ake ari kuronga zvakaipa;
uyo anoruma miromo yake ari kuda kuita zvakaipa.

31 Bvudzi rakachena ikorona yakaisvonaka;
inowanikwa noupenyu hwakarurama.

32 Zviri nani kuva munhu ane mwoyo murefu pane kuva murwi,
munhu anozvibata pakutsamwa kwake ari nani pane uyo anotapa guta.

33 Mujenya unokandirwa pamakumbo,
asi zvirevo zvose zvinobva kuna Jehovha.

# 17

1 Zviri nani kuva nechimedu chakaoma chechingwa uine rugare norunyararo
pane imba izere namabiko, ine kupesana.
2 Muranda akachenjera achatonga mwanakomana anonyadzisa,
uye achagoverwa nhaka somumwe wehama.

3 Hari ndeyokunyautsira sirivha uye choto ndechokunatsa goridhe,
asi Jehovha ndiye anoedza mwoyo.

4 Munhu akaipa anoteerera miromo yakaipa;
murevi wenhema anorerekera nzeve yake kururimi runoparadza.

5 Uyo anoseka varombo anozvidza Musiki wavo,
ani naani anofarira njodzi dzavamwe haangaregi kurangwa.

6 Vana vevana ikorona kune vakwegura,
uye vabereki ndivo kukudzwa kwavana vavo.

7 Kutaura kuna manyawi hakuna kufanira benzi,
zvikuru sei kutaura nhema kwomubati!

8 Fufuro inofadza uyo anoipa;
kwose kwose kwaanoenda, anobudirira.

9 Uyo anofukidzira kudarika kwomumwe anotsvaka rudo,
asi ani naani anomutsazve mhaka anoparadzanisa shamwari dzepedyo.

10 Kutsiurwa kunofadza munhu ane njere
kupfuura kurohwa kwebenzi kazana.

11 Munhu akaipa anongotsvaka kumukira chete;
nhume isina tsitsi ichatumirwa kundomurwisa.

12 Zviri nani kusangana nechikara chatorerwa vana vacho
pane benzi muupenzi hwaro.

13 Kana munhu akaripira zvakanaka nezvakaipa
zvakaipa hazvizombobvi paimba yake.

14 Kuvamba kwokukakavara kwakafanana nokudziurira mvura yedhamu;
saka rega nharo kurwa kusati kwatanga.

15 Kupembedza ane mhosva nokupomera asina mhaka,
Jehovha anozvivenga zvose.

16 Ine basa reiko mari kana iri muruoko rwebenzi,
sezvo risina chishuvo chokuwana uchenjeri?

17 Shamwari inoda panguva dzose,
uye hama yakaberekerwa kupikisana.

18 Munhu anoshayiwa njere ndiye anombunda noruoko rwake pamhiko,
uye anoitira muvakidzani wake rubatso.

19 Uyo anoda zvokukakavara anoda chivi;
uyo anovaka suo refu anotsvaka kuparadzwa.

20 Munhu ane mwoyo wakaipa haabudiriri;
uyo ane rurimi runonyengera achawira mudambudziko.

21 Kuva nomwanakomana benzi kunouyisa kurwadziwa;
baba vebenzi havana mufaro.

22 Mwoyo wakafara mushonga wakanaka,
asi mweya wakaputsika unoomesa mapfupa.

23 Munhu akaipa anogamuchira fufuro muchivande,
kuti aminamise nzira dzokururamisira.

24 Munhu ane njere anoisa uchenjeri pamberi,
asi meso ebenzi anosvika kumagumo enyika.

25 Mwanakomana benzi anorwadzisa baba vake,
uye anoitisa shungu uyo akamubereka.

26 Hazvina kunaka kuranga munhu asina mhosva,
kana kurova machinda nokuda kwokururama kwavo.

27 Munhu ano ruzivo anoshandisa mashoko achizvidzora,
uye munhu anonzwisisa akadzikama.

28 Kunyange benzi, kana rakanyarara, rinonzi rakachenjera,
uye rikabata muromo waro rinonzi rakangwara.

# 18

1 Munhu asina ukama navamwe anongozvitsvakira zvake;
anozvidza kutonga kwakanaka kwose.
2 Benzi harifariri kunzwisisa,
asi rinofarira kungotaura zvarinofunga chete.

3 Panosvika chakaipa, kuzvidzwa kunouyawo,
uye kana nyadzi dzichisvika kusakudzwa kwasvikawo.

4 Mashoko omuromo womunhu imvura yakadzika,
asi tsime rouchenjeri chitubu chinoyerera.

5 Hazvina kunaka kutsaura akaipa
kana kusaruramisira asina mhosva.

6 Miromo yebenzi inoriunzira kukakavara,
uye muromo wake unomukokera kurohwa.

7 Muromo webenzi ndiwo kuparadzwa kwaro,
uye miromo yaro ndiwo musungo kumweya waro.

8 Mashoko amakuhwa akaita semisuva yakanakisisa;
anoenda pakadzikadzika mukati momunhu.

9 Uyo ano usimbe pakubata kwake
ihama youyo anoparadza.

10 Zita raJehovha inhare yakasimba;
vakarurama vanomhanyira kwariri vagochengetedzwa.

11 Pfuma yavapfumi ndiro guta ravo rina masvingo;

vanoriona sorusvingo rurefu pakufunga kwavo.

12 Kuparadzwa kusati kwasvika, mwoyo womunhu unozvikudza,
asi kuzvininipisa kunotangira kukudzwa.

13 Uyo anopindura asati anzwa,
ndihwo upenzi hwake nokunyadziswa kwake.

14 Mweya womunhu unomusimbisa panguva yokurwara,
asi mweya wakapwanyika ndiani angautakura?

15 Mwoyo woune njere unowana ruzivo,
nzeve dzowakachenjera dzinorutsvaka.

16 Chipo chinozarurira nzira kune achipa,
uye chinomusvitsa pamberi pavakuru.

17 Anotanga kusvitsa nyaya yake anoita seakanaka,
kusvikira mumwe auya mberi kuzomubvunza.

18 Kukanda mijenya kunopedza gakava,
uye kunotonga pakati pavaviri vanopikisana zvikuru.

19 Hama yatadzirwa yakavangarara kupfuura guta rakakomberedzwa namasvingo,
uye kukakavara kwakafanana namazariro amasuo omuzinda wamambo.

20 Kubva pazvibereko zvomuromo wake dumbu romunhu rinogutiswa;
nezvinobva pamiromo yake achagutiswa.

21 Rurimi rune simba roupenyu norufu,
uye vaya vanoruda vachadya chibereko charwo.

22 Uyo anowana mudzimai anowana chinhu chakanaka,
uye anogamuchira nyasha kubva kuna Jehovha.

23 Murombo anokumbira kuitirwa tsitsi,
asi mupfumi anopindura nehasha.

24 Munhu ane shamwari dzakawanda angangoparadzwa,
asi kune shamwari inonamatira kupfuura hama.

# 19

1 Zviri nani kuva murombo ane mafambiro akarurama,
pane benzi rine muromo wakatsauka.
2 Hazvibatsiri kushingaira usina zivo,
kana kukurumidza uchizorasika nzira.

3 Upenzi hwomunhu hunoparadza upenyu hwake,
asi mwoyo wake unotsamwira Jehovha.

4 Pfuma inouyisa shamwari zhinji,
asi murombo anosiyiwa neshamwari dzake.

5 Chapupu chenhema hachingaregi kurangwa,
uye uyo anodurura manyepo haangaregedzwi.

6 Vazhinji vanotsvaka nyasha kumutongi,
uye mumwe nomumwe ishamwari yomunhu anopa zvipo.

7 Murombo anoraswa nehama dzake dzose,
kuzoti shamwari dzake, dzinomunzvenga zvakadii!
Kunyange akavatevera achidemba kwazvo
havangawanikwi.

8 Uyo anowana uchenjeri anoda upenyu hwake;
uye anochengeta kunzwisisa anobudirira.

9 Chapupu chenhema hachingaregi kurangwa,
uye uyo anodurura manyepo achaparara.

10 Hazvina kufanira kuti benzi rigarike,
ko, zvakanyanya kuipa sei kuti muranda atonge machinda!

11 Uchenjeri hwomunhu hunomupa mwoyo murefu;
kukudzwa kwake ndiko kukanganwira kudarika kwomumwe.

12 Kutsamwa kwamambo kwakafanana nokuomba kweshumba,
asi nyasha dzake dzakaita sedova pauswa.

13 Mwanakomana benzi ndiko kuparara kwababa vake,
uye mukadzi anokakavara akafanana nemvura inoramba ichingodonha.

14 Dzimba nepfuma inhaka inobva kuvabereki,
asi mukadzi akanaka anobva kuna Jehovha.

15 Usimbe hunouyisa hope dzakadzama,
uye munhu asingashandi achafa nenzara.

16 Uyo anoteerera kurayira anochengetedza upenyu hwake,
asi uyo asina hanya nenzira dzake achafa.

17 Uyo anonzwira varombo tsitsi anopa kuna Jehovha,
uye achamupa mubayiro wezvaakaita.

18 Ranga mwanakomana wako, nokuti mukuranga ndimo mune tariro;
usava nechikamu pakuparadzwa kwake.

19 Munhu ane hasha zvikuru anofanira kuripa mhosva yake;
kana ukamununura, unofanira kuzomununurazve.

20 Teerera zano ugamuchire kurayirwa,
uye pakupedzisira uchava wakachenjera.

21 Mune urongwa huzhinji mumwoyo momunhu,
asi kuda kwaJehovha ndiko kunobudirira.

22 Chinodiwa nomunhu rudo rusingagumi;
zviri nani kuva murombo pano kuva murevi wenhema.

23 Kutya Jehovha kunotungamirira kuupenyu:
Ipapo munhu achazorora zvakanaka, asingawirwi nedambudziko.

24 Simbe inoisa ruoko rwayo mundiro;
igotadza kunyange kurwudzosa kumuromo wayo!

25 Rova museki, ipapo vasina mano vachadzidzawo ungwaru;
tsiura munhu ane njere, ipapo achawana zivo.

26 Uyo anobira baba vake uye achidzinga mai vake
mwanakomana anonyadzisa.

27 Mwanakomana wangu, ukasateerera kurayirwa,
uchatsauka kubva pamashoko oruzivo.

28 Chapupu chakaipa chinoseka kururamisira,
uye muromo womunhu akaipa unomedza zvakaipa.
29 Kurangwa kwakagadzirirwa vaseki, uye kurohwa misana yamapenzi.

# 20

1 Waini museki uye doro mupopoti;
ani naani anotsauswa nazvo haana kuchenjera.
2 Kutsamwa kwamambo kwakafanana nokuomba kweshumba;
uyo anomutsamwisa anotadzira upenyu hwake.

3 Munhu achakudzwa kana akagara kure nokukakavara,
asi benzi rimwe nerimwe rinokurumidza kupopota.

4 Simbe hairimi mumwaka wokurima;
saka panguva yokukohwa anotsvaka asi hapana chaanowana.

5 Zvinangwa zvomwoyo womunhu imvura yakadzika,
asi munhu akachenjera achaichera.

6 Vanhu vazhinji vanoti vane rudo rusingagumi,
asi munhu akatendeka angawanikwa kupiko?

7 Munhu akarurama anorarama upenyu hwakanaka;
vana vake vanomutevera vakaropafadzwa.

8 Kana mambo achinge agara pachigaro chake kuti atonge,
anopepeta zvakaipa zvose nameso ake.

9 Ndiani angati, “Ndakachengeta mwoyo wangu wakachena;
ndakachena uye handina zvivi”?

10 Zviereso zvakasiyana nezvipimo zvakasiyana
Jehovha anozvivenga zvose.

11 Kunyange mwana anozivikanwa nezvaanoita,
kuti tsika dzake dzakanaka uye kuti dzakarurama here.

12 Nzeve dzinonzwa nameso anoona,
Jehovha ndiye akazviita zvose zviri zviviri.

13 Usafarira kurara kana kuti uchava murombo;
svinudza meso ako ipapo uchava nezvokudya zvakawanda.

14 “Hazvina kunaka, hazvina kunaka!” ndizvo zvinotaura mutengi;
ipapo hoyo oenda achizvirumbidza pamusoro pezvaatenga.

15 Goridhe riripo, uye matombo anokosha amarubhi azere,
asi miromo inotaura zivo ndicho chinhu chinokosha chisipo.

16 Mutorerei nguo yake, uyo anoitira mutorwa rubatso;
itorei sorubatso kana azviitira mukadzi asingazvibati.

17 Zvokudya zvakawanikwa nokunyengera zvinonaka kumunhu,
asi achapedzisira ava nomukanwa mazara jecha.

18 Ita urongwa nokutsvaga mazano;
kana uchironga hondo, tsvaka kutungamirirwa.

19 Guhwa rinoputsa chivimbo;
saka furatira munhu anotaurisa.

20 Kana munhu akatuka baba vake kana mai vake,
mwenje wake uchadzimwa parima guru.

21 Nhaka yakakurumidza kuwanikwa pakutanga
haingaropafadzwi pamagumo ayo.

22 Usati, “Ndichatsiva zvawanditadzira izvi!”
Mirira Jehovha, uye iye achakubatsira.

23 Jehovha anovenga zviereso zvinosiyana,
uye zviero zvinonyengera hazvimufadzi.

24 Kufamba kwomunhu kunotungamirirwa naJehovha.
Zvino munhu anganzwisisa sei nzira yake?

25 Musungo kumunhu kuti akumikidze chimwe chinhu nokukurumidza
uye ozorangarira mhiko dzake pava paya.

26 Mambo akachenjera anopepeta zvakaipa;
anofambisa vhiri rokupura pamusoro pavo.

27 Mwenje waJehovha unonzvera mweya womunhu;
unonzvera zviri mukatikati make.

28 Rudo nokutendeka zvinochengetedza mambo;
kubudikidza norudo chigaro chake chinosimbiswa.

29 Kukudzwa kwamajaya ndiro simba ravo,
bvudzi jena kubwinya kwavakwegura.

30 Kurohwa nokukuvadzwa zvinobvisa zvakaipa,
uye kurohwa neshamhu kunovaka munhu womukati.

# 21

1 Mwoyo wamambo uri muruoko rwaJehovha;
anouendesa kwaanoda sehova dzemvura.
2 Nzira dzose dzomunhu dzinoita sedzakarurama kwaari,
asi Jehovha anoyera mwoyo pachikero.

3 Kuita zvakarurama nokururamisira
zvinonyanya kufadza Jehovha kupfuura chibayiro.

4 Meso ana manyawi nomwoyo unozvikudza,
mwenje woakaipa, ndizvo chivi!

5 Urongwa hwavanoshingaira hunouyisa zvizhinji,
sezvo, zvirokwazvo, kukurumidzisa kuchiuyisa urombo.

6 Pfuma yakaunganidzwa norurimi
runoreva nhema imhute inopupurutswa uye muteyo wakaipisisa.

7 Kumanikidza kwavakaipa kuchavazvuzvurudzira kure,
nokuti vanoramba kuita zvakarurama.

8 Nzira yeane mhosva yakaminama,
asi kufamba kwaasina mhosva kwakarurama.

9 Zviri nani kugara pakona yedenga remba,
pano kugara mumba nomudzimai anokakavara.

10 Munhu akaipa anoshuvira zvakaipa;
muvakidzani wake haawani tsitsi kubva kwaari.

11 Kana museki akarangwa vasina mano vanowana uchenjeri;
kana munhu akachenjera akarayirwa anowana zivo.

12 Iye Akarurama anocherechedza imba yeakaipa,
uye anoisa akaipa kukuparadzwa.

13 Kana munhu akadzivira nzeve dzake kumurombo,

naiyewo achachema uye hapana achamunzwa.

14 Chipo chinopiwa muchivande chinonyaradza hasha,
uye fufuro yakavigwa mujasi inonyaradza kutsamwa kukuru.

15 Kana kururamisira kwaitwa, kunouyisa mufaro kuna vakarurama,
asi kunovhundutsa vaiti vezvakaipa.

16 Munhu anorasika panzira yokunzwisisa
achandozororera muungano yavakafa.

17 Uyo anofarira mafaro achava murombo;
ani naani anofarira waini namafuta haazombopfumi.

18 Akaipa achava dzikinuro yavakarurama,
uye vasina kutendeka vachava dzikinuro yaakatendeka.

19 Zviri nani kugara mugwenga,
pano kugara nomudzimai anokakavara uye ane hasha.

20 Mumba mowakachenjera mune zvokudya zvakaisvonaka zvakawanda namafuta,
asi benzi rinodya zvose zvarinazvo.

21 Uyo anotevera kururama norudo anowana upenyu,
nokubudirira norukudzo.

22 Munhu akachenjera anorwisa guta ravane simba
agoputsa nhare dzaro dzavanovimba nadzo.

23 Uyo anorinda muromo wake norurimi rwake
anozvidzivirira kubva panjodzi.

24 Munhu anozvikudza uye ana manyawi "Mudadi" ndiro zita rake;
anoita zvinhu namanyawi uye nokuzvikudza.

25 Kushuva kwesimbe kunova rufu rwake,
nokuti maoko ake anoramba kushanda.

26 Muswere wose wezuva anoramba achida zvimwe,
asi akarurama anopa asinganyimi.

27 Chibayiro chowakaipa chinonyangadza,
zvikuru sei kana akauya nacho nomufungo wakaipa!

28 Chapupu chenhema chichaparara,
uye ani naani anoteerera kwaari achaparadzwa nokusingaperi.

29 Munhu akaipa ane chiso chisinganyari,
asi munhu akarurama anofunga pamusoro penzira dzake.

30 Hapana uchenjeri kana njere kana urongwa
hungabudirira huchipikisana naJehovha.

31 Bhiza rinogadzirirwa zuva rokurwa,
asi kukunda kunobva kuna Jehovha.

## 22

1 Zita rakanaka rinodiwa kwazvo kupfuura pfuma zhinji;
kuremekedzwa kuri nani pane sirivha kana goridhe.
2 Vapfumi navarombo vakafanana pachinhu ichi:
Jehovha ndiye Musiki wavo vose.

3 Munhu akangwara anoona njodzi agohwanda,
asi asina mano anoramba achienda uye agotambudzika nokuda kwaizvozvo.

4 Kuzvininipisa nokutya Jehovha
kunouyisa pfuma nokukudzwa uye noupenyu.

5 Munzira yeakaipa mune minzwa nemisungo,
asi uyo anochengeta mweya wake anogara kure nazvo.

6 Rovedza mwana munzira yaanofanira kufamba nayo,
uye kana achinge akura haazotsauki kubva pairi.

7 Mupfumi anobata ushe pamusoro pomurombo,
uye anokwereta anova muranda weanokweretesa.

8 Uyo anodyara kuipa anokohwa dambudziko,
uye tsvimbo yokutsamwa kwake ichaparadzwa.

9 Munhu anopa zvakawanda acharopafadzwa,
nokuti anopa varombo zvokudya zvake.

10 Dzinga museki, kukakavara kunobva kwaendawo;
kupopotedzana nokutukana kunoguma.

11 Uyo anoda mwoyo wakachena uye anotaura zvakanaka,
achava shamwari yamambo.

12 Meso aJehovha anorinda zivo,
asi anokonesa mashoko omunhu asina kutendeka.

13 Simbe inoti, "Panze pane shumba,"
kana kuti, "Ndinourayiwa munzira!"

14 Muromo womukadzi chifeve igomba rakadzika;
uyo ari pasi pokutsamwa kwaJehovha achawira mariri.

15 Upenzi hwakasungirirwa mumwoyo momwana,
asi shamhu yokuranga ichahudzingira kure naye.

16 Uyo anomanikidza varombo kuti awedzere pfuma yake
nouyo anopa zvipo kuvapfumi, vose vachava varombo.

*Mashoko oMuchenjeri*

17 Nyatsoteerera unzwe mashoko omuchenjeri;
isa mwoyo wako kumashoko andinokudzidzisa,
18 nokuti chinhu chinofadza kana ukaachengeta mumwoyo mako,
uye ugare wakagadzirira kuataura ose.
19 Kuti uvimbe naJehovha,
ndinokudzidzisa nhasi, kunyange iyewe.
20 Handina kukunyorera zvirevo makumi matatu here,
mashoko edzidziso noruzivo,
21 kukudzidzisa mashoko echokwadi anovimbika,
kuitira kuti ugopa mhinduro dzakafanira kuno
uyo akakutuma?

22 Usatorera varombo nokuti varombo,
uye usamanikidza vanoshayiwa mudare redzimhosva,
23 nokuti Jehovha achavarwira pamhaka yavo,
uye achapamba vanovapamba.

24 Usaita ushamwari nomunhu ane hasha,
uye usafambidzana nomunhu anokurumidza kutsamwa,
25 kuti urege kudzidza tsika dzake,
uye urege kuzviteya nomusungo.

26 Usava munhu anombunda ruoko pamhiko,
kana kuzviita rubatso pazvikwereti;
27 kana usina chaungaripa nacho,
uchatorerwa mubhedha wako chaiwo, paurere chaipo.

28 Usabvisa dombo romuganhu wakare,
wakaiswapo namadzibaba ako.

29 Unoona munhu ane unyanzvi pabasa rake here?
Achashanda pamberi pamadzimambo;
haangashandiri vanhu vasina maturo.

# 23

1 Kana ukagara pakudya pamwe chete nomubati,
nyatsocherechedza zviri pamberi pako,
2 uise banga pahuro
kana uri munhu wamadyo.
3 Usapanga zvokudya zvake zvinonaka
nokuti zvokudya izvozvo zvinonyengera.
4 Usazvionza nokuda kuwana pfuma;
iva nouchenjeri hunoita kuti uzvibate.
5 Kungoti tarisei papfuma, wanei yaenda,
nokuti zvirokwazvo inomera mapapiro
igobhururuka ichienda kudenga segondo.

6 Usadya zvokudya zvomunhu anonyima,

kana kupanga zvokudya zvake zvinonaka;
7 nokuti munhu uya anongofunga chete mutengo wazvo.
Anoti kwauri, “Idya ugonwa,” asi mumwoyo make asingadi.
8 Ucharutsa zvishoma izvozvo zvawadya,
uye unenge watambisa mashoko ako nokumutenda.

9 Usataura nebenzi,
nokuti richashora uchenjeri hwamashoko ako.

10 Usabvisa dombo romuganhu wakare
kana kupinda paminda yenherera,
11 nokuti Mudziviriri wavo ane simba;
iye achavarwira pamhaka yavo newe.

12 Isa mwoyo wako kumurayiro
nenzeve dzako kumashoko ezivo.

13 Usarega kuranga mwana;
ukamuranga neshamhu, haafi.
14 Murange neshamhu
ugoponesa mweya wake kubva parufu.

15 Mwanakomana wangu, kana mwoyo wako wakachenjera,
ipapo mwoyo wangu uchafara;
16 mukatikati mangu muchapembera
kana miromo yako ichitaura zvakarurama.

17 Usarega mwoyo wako uchichiva vatadzi,
asi nguva dzose shingairira kutya Jehovha.
18 Zvirokwazvo ramangwana rako rine tariro,
uye tariro yako haingaparadzwi.

19 Teerera, mwanakomana wangu, ugova nouchenjeri,
uye uchengete mwoyo wako panzira yakarurama.
20 Usabatana navaya vanonwa waini zhinji,
kunyange vaya vanokara nyama,
21 nokuti zvidhakwa nevane madyo vachava varombo,
uye hope dzichavapfekedza mamvemve.

22 Teerera kuna baba vako, ivo vakakubereka,
uye usazvidza mai vako kana vachinge vakwegura.
23 Tenga zvokwadi urege kuzoitengesa;
uwane uchenjeri, kuzvibata nokunzwisisa.
24 Baba vomunhu akarurama vane mufaro mukuru;
uyo ane mwanakomana akachenjera anofadzwa naye.
25 Baba vako namai vako ngavafare;
mai vakakubereka ngavafare kwazvo!

26 Mwanakomana wangu, ndipe mwoyo wako
uye meso ako ngaanan’anidze nzira dzangu,
27 nokuti chifeve igomba rakadzika,

uye mukadzi asingazvibati itsime rakamanikana.
28 Segororo anohwandira,
anowedzera vasina kutendeka pakati pavarume.

29 Ndiani ane nhamo? Ndiani akasuwa?
Ndiani anokakavara? Ndiani anonyunyuta?
Ndiani ane mavanga pasina mhaka? Ndiani ane meso akatsvuka?
30 Vaya vanogara pawaini,
vanoenda kundoravira makate ewaini yakavhenganiswa.
31 Usatarisa waini kana yatsvuka,
kana ichivaima iri mumukombe,
kana ichidzika zvakanaka pakunwa!
32 Pakupedzisira inoruma senyoka
uye ine uturu semvumbi.
33 Meso ako achaona zvisakamboonekwa
uye pfungwa dzako dzichafunga zvakapesana.
34 Uchava souya akarara pamusoro pamafungu amakungwa,
kana somunhu avete pamusoro pedanda rechikepe.
35 Uchati, "Vakandirova, asi handina kukuvara!
Vakandirova asi handina kuzvinzwa!
Ndichamuka rinhiko
kuti ndigotsvakazve waini?"

# 24

1 Usachiva vanhu vakaipa,
usashuva kufamba navo;
2 nokuti mwoyo yavo inoronga kuita nechisimba,
uye miromo yavo inotaura pamusoro pokuita mhirizhonga.
3 Nouchenjeri imba inovakwa,
uye kubudikidza nokunzwisisa inosimbiswa;
4 kubudikidza nezivo makamuri ayo anozadzwa nezvinhu
zvinoshamisa uye nepfuma yakaisvonaka inokosha.

5 Munhu akachenjera ane simba guru,
uye munhu ane zivo anowedzera simba;
6 nokuti kundorwa hondo kunoda kutungamirirwa,
uye kuti ukunde unoda vapi vamazano vazhinji.

7 Uchenjeri hahusvikirwi nebenzi;
padare repasuo reguta harina chokutaura.

8 Uyo anoronga kuita zvakaipa
achazivikanwa senhubu.
9 Mufungo woupenzi chivi,
uye vanhu vanonyangadzwa nomuseki.

10 Kana ukapera simba panguva dzokutambudzika,
simba rako ishoma sei!

11 Nunurai avo vari kuiswa kurufu;
dzosai avo vari kudzedzereka vachienda kundourayiwa.
12 Asi kana mukati, "Hapana zvataiziva pamusoro paizvozvi?"

Ko, iye anoyera mwoyo haangazvioni here?
Iye anorinda upenyu hwako haangazvizivi here?
Haangaripire munhu mumwe nomumwe maererano nezvaakaita here?

13 Idya uchi, mwanakomana wangu, nokuti hwakanaka;
uchi hunobva pazinga hunozipa parurimi.
14 Uzivewo zvakare kuti uchenjeri hunozipa kumweya wako;
kana wahuwana, ramangwana rako rine tariro,
uye tariro yako haingaparari.

15 Usavandira sezvinoita akaipa paimba yomunhu akarurama,
usaparadza paanogara;
16 nokuti kunyange munhu akarurama achiwa runomwe, anosimukazve,
asi akaipa anowisirwa pasi nenjodzi.

17 Usafara kana muvengi wako achiwa;
paanogumburwa, mwoyo wako ngaurege kufara,
18 kana kuti Jehovha achazviona akasafara nazvo
uye agobvisa kutsamwa kwake kwaari.

19 Usashungurudzika nokuda kwavanhu vakaipa,
kana kuchiva vakaipa,
20 nokuti vanhu vakaipa havana tariro yeramagwana,
uye mwenje wavakaipa uchadzimwa.

21 Itya Jehovha namambo, mwanakomana wangu,
usabatana navanopanduka,
22 nokuti vaviri ivavo vanouyisa kuparadzwa kwavari nokukurumidza,
uye ndiani anoziva njodzi dzavangauyisa?

### *Zvimwe Zvirevo zvoMuchenjeri*

23 Izviwo zvirevo zvomuchenjeri:
Kuita rusaruro mukutonga hakuna kunaka:
24 Ani naani anoti kune ane mhosva, “Hauna mhosva,”
marudzi achamutuka uye ndudzi dzichamushora.
25 Asi zvichanakira vaya vanopa mhosva kune vane mhosva,
uye kuropafadzwa kukuru kuchauya pamusoro pavo.

26 Mhinduro yechokwadi
yakafanana nokutsvoda pamiromo.

27 Pedza basa rako rapanze
ugadzirire minda yako;
shure kwaizvozvo, uvake imba yako.

28 Usava chapupu chinopomera muvakidzani wako pasina mhaka,
kana kushandisa miromo yako kuti unyengere.
29 Usati, “Ndichamuitirawo zvaakandiitira;
ndicharipira munhu uya zvaakaita.”

30 Ndakapfuura napamunda wesimbe,

ndikapfuura napamunda womuzambiringa womunhu asina njere;
31 minzwa yakanga yamera pose pose,
munda wakanga wafukidzwa nesora,
uye rusvingo rwamabwe rwakanga rwakoromoka.
32 Ndakafungisisa zvandakanga ndacherechedza
ndikadzidza chidzidzo pane zvandakanga ndaona.
33 Kumbovata zvishomanana, kumbotsumwaira,
kumbofungatira maoko kuti ndizorore,
34 ipapo urombo huchauya pauri segororo
uye kushayiwa kuchauya somunhu akashonga nhumbi dzokurwa nadzo.

# 25

*Zvimwe Zvirevo zvaSoromoni*

1 Izvi ndizvo zvimwe zvirevo zvaSoromoni, zvakanyorwa namachinda
aHezekia mambo weJudha:
2 Kukudzwa kwaMwari kuviga chinhu;
kunzvera nyaya ndiko kukudzwa kwamadzimambo.

3 Sokukwirira kwakaita denga nokudzika kwakaita nyika,
saizvozvowo mwoyo yamadzimambo haigoni kunzverwa.

4 Bvisa marara pasirivha,
panobva pabuda zvinoshandiswa nomuumbi wemidziyo yesirivha;
5 bvisa akaipa pamberi pamambo,
ipapo chigaro chake choushe chichasimbiswa kubudikidza nokururama.

6 Usazvikudza pamberi pamambo,
uye usazvipa chigaro pakati pavanhu vakuru;
7 Zviri nani kuti ati kwauri, "Kwira pano," pano kuti akunyadzise pamberi pavanhu vanoremekedzwa.

8 Zvawakaona nameso ako
usakurumidze kuzvikwidza kumatare edzimhosva,
nokuti uchazoiteiko pamagumo,
kana muvakidzani wako akakunyadzisa?

9 Kana uchipikisana nomuvakidzani wako,
usarase chivimbo chomumwe munhu,
10 kana kuti uyo achazvinzwa angangokunyadzisa, uye uchazoramba uine chimiro chakaipa.

11 Shoko rataurwa nenguva yakafanira
rakafanana namaapuro egoridhe mumidziyo yesirivha.

12 Semhete yomunzeve yegoridhe kana chishongo chegoridhe rakaisvonaka,
ndizvo zvakaita kutsiura kwomunhu akachenjera, kunzeve inoteerera.

13 Nhume yakatendeka kune anoituma

yakafanana nokutonhorera kwechando panguva yokukohwa;
inonyevenutsa mweya yavanatenzi vake.

14 Samakore nemhepo zvisina mvura,
ndizvo zvakaita munhu anozvirumbidza pamusoro pezvipo zvaasingapi.

15 Kubudikidza nomwoyo murefu mutongi anogona kunyengetedzwa,
uye rurimi runyoro runogona kuvhuna mapfupa.

16 Kana wawana uchi, idya hunokuringana chete, hukawandisa, ucharutsa.
17 Usanyanyoenda pamba pomuvakidzani wako,
ukanyanya kuendapo, achakuvenga.

18 Setsvimbo kana munondo kana museve unopinza,
ndizvo zvakaita munhu anopa uchapupu hwenhema achipikisa muvakidzani wake.

19 Sezino rakaora kana tsoka yakaremara,
ndizvo zvakafanana nokuvimba nomunhu asina kutendeka panguva yokutambudzika.

20 Souya anokurura nguo musi unotonhora,
kana sevhiniga inodururwa pasoda,
ndizvo zvinoita uyo anoimbira nziyo kumwoyo wakaremerwa.

21 Kana muvengi wako ane nzara, mupe zvokudya adye;
kana aine nyota, mupe mvura anwe.
22 Mukuita izvi, uchaunganidzira mazimbe anopisa pamusoro wake,
uye Jehovha achakupa mubayiro.

23 Semhepo yokumusoro inouyisa mvura,
naizvozvo rurimi rwakaipa runouyisa zviso zvakashatirwa.

24 Zviri nani kugara pakona redenga reimba
pano kugara mumba nomudzimai anokakavara.

25 Semvura inotonhorera kumweya wakaneta
ndizvo zvakaita nhau dzakanaka dzinobva kunyika iri kure.

26 Sechitubu chizere madhaka kana tsime rasvibiswa,
ndizvo zvakaita munhu akarurama anopa mukana kumunhu akaipa.

27 Hazvina kunaka kudya uchi huzhinji,
kana kuti munhu azvitsvakire kukudzwa kwake iye.

28 Seguta rakakoromoka masvingo
ndizvo zvakaita munhu asingagoni kuzvibata.

## 26

1 Sechando muzhizha kana mvura pakukohwa,

rukudzo haruna kufanira kubenzi.
2 Sezvinoita kadhimba pakubhururuka kwako, kana nyenganyenga pakubhururuka kwayo somuseve,
saizvozvowo kutuka pasina mhosva hakuna zvakunoita.

3 Tyava yakaitirwa bhiza, matomu akaitirwa mbongoro,
uye shamhu musana webenzi!

4 Usapindura benzi maererano noupenzi hwaro,
kana kuti iwe pachako uchafanana naro.

5 Pindura benzi maererano noupenzi hwaro,
kuti rirege kuona sokuti rakachenjera.

6 Sokuzvigura tsoka kana kunwa bongozozo,
ndizvo zvakaita kutumira shoko noruoko rwebenzi.

7 Samakumbo echirema akangorembera ndizvo
zvakaita chirevo mumuromo webenzi.

8 Sokusungira ibwe pachipfuramabwe
ndizvo zvakaita kupa rukudzo kubenzi.

9 Segwenzi reminzwa riri muruoko rwechidhakwa,
ndizvo zvakaita chirevo chiri mumuromo webenzi.

10 Somuwemburi weuta anopfura pose pose,
ndizvo zvakaita anoshandirwa nebenzi kana nomupfuuri zvake.

11 Sembwa inodzokera kumarutsi ayo,
ndizvo zvakaita benzi rinodzokorora upenzi hwaro.

12 Unoona munhu anozviti akachenjera pakuona kwake here?
Benzi rinotova netariro kupfuura iye.

13 Simbe inoti, "Kune shumba kunzira,
shumba inotyisa iri kufamba-famba munzira dzomumusha!"

14 Segonhi rinotenderera pamahinji aro,
ndizvo zvinoita simbe pamubhedha wayo.

15 Simbe inoisa ruoko rwayo mundiro;
inoita usimbe hwokutadza kurudzosera kumuromo wayo.

16 Simbe inozviti yakachenjera pakuona kwayo
kupfuura vanhu vanomwe vanopindura nenjere.

17 Somunhu anobata imbwa nenzeve dzayo,
ndizvo zvakaita mupfuuri anopindira pagakava risinei naye.

18 Somupengo unopotsera zvitsiga zvomoto,
kana miseve inouraya,

19 ndizvo zvakaita munhu anonyengera muvakidzani wake
uye achizoti, “Ndanga ndichiita zvangu je-e!”

20 Pasina huni moto unodzima;
pasina makuhwa kukakavara kunopera.

21 Sezvakaita mazimbe pazvitsiga zvinopfuta nehuni pamoto,
ndizvo zvakaita munhu wegakava pakupfutidza rukave.

22 Mashoko eguhwa akaita semisuva
yakaisvonaka inodzika mukatikati momunhu.

23 Sezvinopenya zvakanamirwa kunze kwomudziyo wevhu,
ndizvo zvakaita miromo inotaura zvinoyevedza, asi nomwoyo wakaipa.

24 Muparadzi anozvivanza namatauriro ake,
asi mumwoyo make akaviga ruvengo.
25 Kunyange mashoko ake achitapira, usatenda zvaanotaura,
nokuti mumwoyo make mune zvinonyangadza zvinomwe.
26 Ruvengo rwake rungavigwa mukunyengera kwake,
asi kuipa kwake kuchabudiswa pachena paungano.

27 Kana munhu akachera gomba, achawira mariri;
kana munhu akakungurutsa ibwe, richakunguruka, richidzokera pamusoro pake.

28 Rurimi runoreva nhema runovenga varunorwadzisa,
uye muromo unobata kumeso unoparadza.

# 27

1 Usazvirumbidza pamusoro pezuva ramangwana,
nokuti hauzivi zvingauyiswa nezuva.
2 Rega mumwe akurumbidze, kwete muromo wako;
mumwe munhuwo zvake, kwete miromo yako iwe.

3 Ibwe rinorema uye jecha mutoro,
asi kudenhwa nebenzi kunorema kupfuura zvose.

4 Hasha dzine utsinye uye kutsamwa kunokurira,
asi ndiani angamira pamberi pomunhu ane godo?

5 Kutsiurwa pachena kuri nani
pane rudo rwakavanzika.

6 Maronda okukuvadzwa neshamwari anogamuchirika,
asi kutsvoda kwomuvengi kunonyengera.

7 Uyo akaguta anovenga uchi,
asi kune ane nzara kunyange zvinovava zvinozipa.

8 Seshiri inorasika kubva padendere rayo,
ndizvo zvakaita munhu anorasika kubva pamusha wake.

9 Mafuta nezvinonhuhwira zvinouyisa mufaro kumwoyo,
uye kunaka kwoushamwari kunobva padzidziso dzake dzakanaka.

10 Usarasa shamwari yako kana shamwari yababa vako,
uye usangoenda kumba yehama yako kana wawirwa nedambudziko chete,
muvakidzani ari pedyo ari nani kupfuura hama iri kure.

11 Iva wakachenjera, mwanakomana wangu, ugofadza mwoyo wangu;
ipapo ndichagona kupindura ani naani anondishora.

12 Munhu akangwara anoona njodzi agovanda,
asi asina mano anoramba achienda uye agokuvadzwa nayo.

13 Torera nguo uyo anozviita rubatso kumutorwa;
uitore semhiko kana achinge aiita rubatso kumukadzi asingazvibati.

14 Kana munhu akafumira rungwanangwana
kukwazisa muvakidzani wake achidaidzirisa zvichaonekwa sechituko.

15 Mudzimai anokakavara akafanana
nemvura inoramba ichidonha-donha mushure mokunge kwanaya;
16 kumudzivisa zvakafanana nokudzivisa mhepo,
kana kuchingidzira mafuta noruoko.

17 Simbi inorodza simbi,
saizvozvowo mumwe munhu anorodza mumwe.

18 Uyo anochengeta muonde achadya zvibereko zvawo,
uye uyo anochengeta tenzi wake achakudzwa.

19 Sezvo mvura ichiratidza chiso,
saizvozvowo mwoyo womunhu unoratidza munhu.

20 Rufu nokuparadza hazvimboguti,
kunyangewo maziso omunhu haaguti.

21 Hari ndeyokunyautsira sirivha uye choto ndechokunatsa goridhe,
asi munhu anoedzwa nerumbidzo yaanowana.

22 Kunyange ukatswa benzi muduri,
kumutswa sezviyo nomutswi,
haungabvisi upenzi hwake maari.
23 Iva nechokwadi kuti unoziva mamiriro amakwai ako,
uchengete zvakanaka mapoka ako;
24 nokuti pfuma haigari nokusingaperi,
uye korona haigari kusvikira kuzvizvarwa zvose.
25 Kana uswa hukabviswa, uye bumhudza rikabuda,
nesora rikaunganidzwa kubva kuzvikomo,

26 makwayana achakuwanisa zvokupfeka,
uye mbudzi nomutengo womunda.
27 Uchava nomukaka wembudzi
wakawanda wokudya iwe nemhuri yako,
uye wokuraramisa varandakadzi vako.

# 28

1 Munhu akaipa anotiza kusina anomudzinganisa,
asi vakarurama vakashinga seshumba.
2 Kana nyika ikapanduka, inova navatungamiri vakawanda,
asi munhu anonzwisisa uye ane ruzivo anochengetedza runyararo.

3 Mutongi anomanikidza varombo
akaita semvura inokukura ichisiya pasina zvirimwa.

4 Avo vanorasa murayiro vanorumbidza vakaipa,
asi avo vanochengeta murayiro vanovapikisa.

5 Vanhu vakaipa havanzwisisi kururamisira,
asi avo vanotsvaka Jehovha vanozvinzwisisa kwazvo.

6 Zviri nani kuva murombo ane mafambiro akarurama
pane mupfumi ane nzira dzakatsauka.

7 Uyo anochengeta murayiro mwanakomana akachenjera,
asi anofambidzana navanhu vane madyo anonyadzisa baba vake.

8 Uyo anowedzera pfuma yake nokutengesa nomutengo uri pamusoro-soro,
anozviunganidzira mumwe, uyo anozonzwira varombo tsitsi.

9 Kana munhu akaramba kunzwa murayiro nenzeve dzake,
kunyange minyengetero yake inonyangadza.

10 Uyo anotungamirira vakarurama panzira yakaipa,
achawira mumuteyo wake pachake,
asi vasina mhosva vachagamuchira nhaka yakanaka.

11 Munhu akapfuma angazviti akachenjera pakuona kwake,
asi murombo ane njere anomuonorora.

12 Kana vakarurama vachikunda, kune mufaro mukuru;
asi kana akaipa akava pachigaro chokutonga, vanhu vanohwanda.

13 Uyo anofukidzira zvivi zvake haabudiriri,
asi ani naani anozvireurura uye agozvirasa achawana nyasha.

14 Akaropafadzwa munhu anogara achitya Jehovha,
asi uyo anoomesa mwoyo wake achawira mudambudziko.

15 Seshumba inoomba, kana bere rinodzingirira,
ndizvo zvakaita munhu akaipa anobata ushe pamusoro pavarombo.

16 Mutongi anoshusha haana njere,
asi uyo anovenga pfuma yakapambwa achararama kwamakore mazhinji.

17 Munhu anoshushikana nemhosva yake yokuuraya,
acharamba ari wokutiza kusvikira pakufa;
ngapasava nomunhu anomutsigira.

18 Uyo ano mufambiro wakarurama anogara akachengetedzeka,
asi uyo ane nzira dzakatsauka achawa nokukurumidza.

19 Uyo anorima munda wake achava nezvokudya zvakawanda,
asi uyo anodzinganisana nezviroto achava nourombo hwakamufanira.

20 Munhu akatendeka acharopafadzwa zvikuru,
asi uyo anokara pfuma haangaregi kurangwa.

21 Kuita rusarura hakuna kunaka,
asi kunyange zvakadaro munhu anogona kuita zvakaipa kuti awane chimedu chechingwa.

22 Munhu anonyima ane shungu dzokuda kupfuma
asingazivi kuti urombo hwakamugaririra.

23 Uyo anotsiura munhu iye achawana nyasha dzakawanda pakupedzisira,
kupfuura uyo ane rurimi runonyengera.

24 Uyo anobira baba kana mai vake
achiti, “Hazvina kuipa,”
ndiye shamwari youya anoparadza.

25 Munhu ane ruchiva anomutsa kupesana,
asi uyo anovimba naJehovha achabudirira.

26 Uyo anovimba nesimba rake ibenzi,
asi uyo anofamba muuchenjeri achachengetedzeka.

27 Uyo anopa kuvarombo haangashayiwi chinhu,
asi uyo anotsinzina meso ake kuvarombo achagamuchira kutukwa kuzhinji.

28 Kana akaipa achienda pachigaro chokutonga, vanhu vanohwanda;
asi kana vakaipa vachiparara, vakarurama vanowanda.

# 29

1 Munhu anoramba akaomesa mutsipa wake mushure mokutsiurwa
kazhinji achaparadzwa nokukurumidza, kusina chingamubatsira.
2 Kana vakarurama vachiwanda, vanhu vanofara;
asi kana vakaipa vachitonga, vanhu vanogomera.

3 Munhu anoda uchenjeri anouyisa mufaro kuna baba vake,
asi anoshamwaridzana nechifeve anoparadza pfuma yake.

4 Nokururamisira mambo anosimbisa nyika,
asi uyo anokara fufuro anoiparadza.

5 Ani naani anonyengera muvakidzani wake
anodzikira tsoka dzake mumbure.

6 Munhu akaipa anoteyiwa nezvivi zvake,
asi munhu akarurama anogona kuimba uye agofara.

7 Vakarurama vane hanya nokururamisirwa kwavarombo,
asi vakaipa havana hanya naizvozvo.

8 Vatuki vanomutsa bope muguta,
asi vanhu vakachenjera vanodzora kutsamwa.

9 Kana munhu akachenjera akaenda kumatare nebenzi,
benzi rinotsamwa uye rigotuka, zvokuti hapangavi norugare.

10 Vanhu vanofarira kudeura ropa vanovenga munhu akarurama,
uye vanotsvaka kuuraya vakarurama.

11 Benzi rinobudisa hasha dzaro dzose,
asi munhu akachenjera anozvibata.

12 Kana mutongi akateerera nhema
machinda ake ose achava akaipa.

13 Murombo nomunhu anomanikidza vakafanana pachinhu ichi:
Jehovha ndiye anoita kuti meso avo vose aone.

14 Kana mambo akatonga varombo nokururamisira,
chigaro chake choushe chinogara chakachengetedzeka nguva dzose.

15 Shamhu yokuranga inopa uchenjeri,
asi mwana anosiyiwa akadaro achanyadzisa mai vake.

16 Kana vakaipa vachiwanda, nezvivi zvinowandawo,
asi vakarurama vachaona kuwa kwavo.

17 Ranga mwanakomana wako, ipapo achakupa rugare;
achauyisa mufaro kumweya wako.

18 Pasina chizaruro, vanhu vanoramba kuzvidzora;
asi akaropafadzwa uyo anochengeta murayiro.

19 Muranda haarayirwi namashoko zvawo chete,
nokuti kunyange achinzwisisa, haangadaviri.

20 Unoona here munhu anotaura achikurumidza?
Benzi rine tariro zhinji kupfuura iye.

21 Kana munhu akaregerera muranda wake kubva paudiki,
achazotarisira kodzero dzomwanakomana pakupedzisira.

22 Munhu akashatirwa anomutsa kupesana,
uye munhu ane hasha anoita zvivi zvizhinji.

23 Kuzvikudza kwomunhu kunomudzikisira pasi,
asi munhu ane mweya wokuzvininipisa achawana kukudzwa.

24 Anoshamwaridzana nembavha anozvivenga iye pachake;
anoiswa pasi pemhiko, asi haangakwanisi kupa uchapupu.

25 Kutya munhu kuchava musungo,
asi ani naani anovimba naJehovha achagara akachengetedzeka.

26 Vazhinji vanotsvaka nyasha kumutongi,
asi kururamisirwa kwomunhu kunobva kuna Jehovha.

27 Vakarurama vanovenga vasina kutendeka;
vakaipa vanovenga vakarurama.

# 30

*Zvirevo zvaAguri*

1 Zvirevo zvaAguri mwanakomana waJake, shoko rake:
Murume uyu akati kuna Itieri,
kuna Itieri nokuna Ukari:

2 "Ndini munhu asingazivi zvikuru kwazvo pakati pavanhu;
handina kunzwisisa kwomunhu.
3 Handina kudzidza uchenjeri,
uye handina ruzivo rwaiye Mutsvene.
4 Ndiani akakwidza kudenga uye akazoburuka?
Ndiani akabata mhepo mumaoko ake?
Ndiani akasungirira mvura munguo yake?
Ndiani akaisa migumo yose yenyika?
Zita rake ndiani, uye nezita romwanakomana wake?
Ndiudzei kana muchiriziva!

5 "Shoko rimwe nerimwe raMwari nderechokwadi;
iye chidzitiro kuna avo vanovanda maari.
6 Usawedzera kumashoko ake,
kana kuti achakutsiura uye agokuratidza kuti uri murevi wenhema.

7 "Zvinhu zviviri zvandinokumbira kwamuri, imi Jehovha,
musandirambira izvi ndisati ndafa:
8 Bvisai kusatendeka nenhema zvive kure neni;
musandipa urombo kana pfuma,
asi ndipei chete zvokudya zvemisi yose.
9 Zvichida, ndingava nezvakawanda kwazvo ndikasakukudzai,

uye ndikazoti, ‘Jehovha ndianiko?’
Kana kuti zvimwe ndingava murombo ndikaba,
uye ndikasaremekedza zita raMwari wangu.

10 “Usareva muranda kuna tenzi wake,
nokuti achakutuka, uye uchazviripira izvozvo.

11 “Kuna avo vanotuka madzibaba avo
uye vasingaropafadzi vanamai vavo;
12 vaya vanozviti vakachena pamaonero avo
asi vasina kusukwa tsvina yavo;
13 vaya vane meso anozvikudza nguva dzose,
vane matarisiro okushora;
14 vaya vane meno anenge minondo
nameno eshaya dzavo anenge mapanga
kuti vaparadze varombo panyika,
navanoshayiwa kubva pakati pavanhu.

15 “Chikwevaropa chine vanasikana vaviri.
Vanodanidzira vachiti, ‘Tipei! Tipei!’

“Kune zvinhu zvitatu zvisingatongoguti,
zvina zvisingamboti, ‘Zvaringana!’:
16 guva,
chizvaro chisingabereki,
pasi pasingaguti mvura,
nomoto usingamboti, ‘Zvaringana!’

17 “Ziso rinotuka baba,
rinoshora kuteerera mai,
richanongorwa namakunguo omumupata,
richadyiwa namagora.

18 “Pane zvinhu zvitatu zvinondishamisa kwazvo,
zvina zvandisinganzwisisi, zvinoti:
19 nzira yegondo riri mudenga,
nenzira yenyoka paruware,
nenzira yechikepe pagungwa,
uye nzira yomurume ane musikana.

20 “Iyi ndiyo nzira yomukadzi chifeve:
Anodya agopukuta muromo wake uye agoti,
‘Hapana chinhu chakaipa chandaita ini.’

21 “Nyika inodedera nokuda kwezvinhu zvitatu,
zvinhu zvina zvaisingadi kuona:
22 muranda anozova mambo,
benzi rine zvokudya zvizhinji,
23 mukadzi akaroorwa asi asingadiwi,
nomurandakadzi anotorera vatenzi vake murume.

24 “Panyika pane zvinhu zvina zvidiki,
asi zvakachenjera kwazvo:

25 Masvosve zvipuka zvine simba duku
asi anounganidza zvokudya zvawo muzhizha:
26 mbira zvipuka zvisina simba guru,
asi dzinoita imba yadzo mumatombo;
27 mhashu hadzina mambo,
asi dzinofamba pamwe chete mumapoka adzo;
28 dzvinyu rinogona kubatwa namaoko,
asi rinowanikwa mumizinda yamadzimambo.

29 "Kune zvinhu zvitatu zvino kufamba kunokudzwa kwazvo,
zvina zvino kufamba kunokudzwa kwazvo;
30 shumba, ine simba pakati pezvikara, isingadududzi pamberi pechikara chipi zvacho;
31 mafambiro okuzvikudza ejongwe,
nenhongo yembudzi,
uye namambo akakomberedzwa navarwi vake.

32 "Kana uchinge waita upenzi nokuzvirumbidza pachako,
kana kuti waronga zvakaipa,
bata muromo wako noruoko rwako!
33 Nokuti somukaka warozva unobudisa ruomba,
uye sokudzvinyirira mhino kunobudisa ropa,
nokudaro kumutsa hasha kunobudisa kukakavara."

# 31

*Zvirevo zvaMambo Remueri*

1 Zvirevo zvaMambo Remueri, zvirevo zvaakadzidziswa namai vake:
2 "Nhaiwe mwanakomana wangu, iwe mwanakomana wokubereka,
iwe mwanakomana wemhiko dzangu,
3 usapedzera simba rako pavakadzi,
nenzira dzako pane avo vanoparadza madzimambo.

4 "Hazvisi zvamadzimambo, nhaiwe Remueri,
hazvina kufanira madzimambo kunwa waini,
hazvina kufanira vatongi kukara doro,
5 nokuti vangazonwa vakakanganwa zvakatemwa nomurayiro,
uye vakazotadza kururamisira kodzero dzavanomanikidzwa vose.
6 Ipai doro kuna avo vari kuparara,
newaini kuna avo vari mukurwadziwa:
7 regai vanwe vakanganwe urombo hwavo,
uye varege kuzorangarirazve kutambudzika kwavo.

8 "Taurai pachinzvimbo chaavo vasingagoni kuzvitaurira,
pamusoro pekodzero dzavose vanoshayiwa.
9 Taura utonge zvakanaka;
udzivirire kodzero dzavarombo navanoshayiwa."

*Mudzimai ane Unhu Hwakanaka*

10 Mudzimai ane unhu hwakanaka ndiani angamuwana?
Mutengo wake unopfuura nokure matombo anokosha emarubhi.
11 Murume wake anovimba naye zvizere,
uye haana chaanoshayiwa chinokosha.

12 Anoitira murume wake zvakanaka, kwete zvakaipa,
mazuva ose oupenyu hwake.
13 Anosarudza wuru neshinda
uye anoshanda namaoko anoshingaira.
14 Akafanana nezvikepe zvavatengesi,
anondotora zvokudya zvake kure.
15 Anomuka kuchakasviba;
agotsvagira mhuri yake zvokudya
uye agopa varandakadzi vake basa ravo.
16 Anonan'anidza munda agoutenga;
anosima munda wemizambiringa nezvaakawana namaoko ake.
17 Anoita basa rake nesimba;
maoko ake akasimba kuti aite mabasa ake.
18 Anoona kuti kushambadzira kwake kunobatsira,
uye mwenje wake haudzimi pausiku.
19 Muruoko rwake anobata chirukiso,
uye anobata chirukwa neminwe yake.
20 Anotambanudzira maoko ake kuvarombo,
uye anotandavadzira maoko ake kune vanoshayiwa.
21 Kana kwotonhora, haatyire mhuri yake;
nokuti vose vakapfeka nguo dzinodziya.
22 Anozvigadzirira zvokuwaridza panhoo yake;
anozvipfekedza nguo yomucheka wakaisvonaka, uye nomucheka wepepuru.
23 Murume wake anoremekedzwa pasuo reguta,
kana agere pakati pavakuru venyika.
24 Mudzimai anoita nguo dzemicheka yakanaka agodzitengesa,
uye anotengesera vanotengesa micheka yokumonera muhuro.
25 Simba nokukudzwa ndizvo nguo dzake;
anofara akatarisana namazuva anouya.
26 Anotaura nouchenjeri,
uye kurayira kwakatendeka kuri parurimi rwake.
27 Anotarira zvakanaka mararamiro emhuri yake,
uye haadyi zvokudya zvousimbe.
28 Vana vake vanosimuka vagomuti akaropafadzwa,
murume wakewo, anomurumbidza:
29 "Vakadzi vazhinji vanoita zvinhu zvakanaka,
asi iwe unovakunda vose."
30 Zvinofadza zvinonyengera, uye runako ndorwenguva duku;
asi mukadzi anotya Jehovha anofanira kurumbidzwa.
31 Mupeiwo mubayiro wake waakashandira,
uye mabasa ake ngaamupe kurumbidzwa pasuo reguta.

# MUPARIDZI

*Zvose hazvina maturo*

1 Mashoko oMuparidzi, mwanakomana waDhavhidhi, mambo mu-
Jerusarema:

2 Zvanzi noMuparidzi,
"Hazvina maturo! Hazvina maturo!
Hazvina maturo chose!
Zvose hazvina maturo."

3 Munhu achawaneiko kubva pakushanda kwake kwose
kwaanoita nesimba pasi pezuva?
4 Zvizvarwa zvinouya uye zvizvarwa zvinoenda,
asi nyika inogara nokusingaperi.
5 Zuva rinobuda uye zuva rinovira,
uye rinokurumidza kudzokerazve kwarinobudira.
6 Mhepo inovhuvhuta ichienda zasi,
yozodzokera kumusoro;
inotenderera nokutenderera
ichingodzokerazve pagwara rayo.
7 Nzizi dzose dzinodira mugungwa,
kunyange zvakadaro gungwa harizari.
Kunzvimbo kwadzinobva nzizi,
ikoko ndiko kwadzinodzokerazve.
8 Zvinhu zvose zvinonetesa,
zvisina ani angazvitaura.
Ziso hariguti kuona,
uye nzeve haizari nokunzwa.
9 Chakanga chiripo, chichazovapozve,
chakamboitwa chichaitwazve;
hapana chitsva pasi pezuva.
10 Chiripo here chinhu chinganzi nomunhu,
"Tarira! Chinhu ichi chitsva?"
Chakanga chichingovapo, kare kare;
chakanga chiripo isu tisati tavapo.
11 Vanhu vakare havacharangarirwi;
uye kunyange vanovatevera,
havachazorangarirwi
nevanozotevera.

*Uchenjeri hahuna maturo*

12 Ini muparidzi ndakanga ndiri mambo weIsraeri muJerusarema.
13 Ndakazvipira kunzvera nokutsvaka nouchenjeri zvose zvinoitwa pasi
pedenga. Ibasa rinotambudza rakapiwa vanakomana vavanhu naMwari
kuti vazvitambudze naro. 14 Ndakaona zvinhu zvose zvinoitwa pasi
pezuva; zvose hazvo hazvina maturo, kudzingana nemhepo bedzi.
15 Chakakombamiswa hachingatwasanudzwi;
chinoshayikwa hachingaverengwi.

16 Ndakafunga mumwoyo mangu ndikati, "Tarira, ndazviwanira
uchenjeri hwakawanda kupfuura vose vakanditangira kutonga mu-
Jerusarema; ndava nouchenjeri uye noruzivo rwakawanda." 17 Ipapo
ndakazvipira kutsvaka kunzwisisa uchenjeri uyezve noupengo noupenzi,
asi ndakadzidzawo zvakare kuti, naizvozvo kudzingana nemhepo.
18 Nokuti muuchenjeri huzhinji mune kusuwa kuzhinji;
kuwanda kwezivo, kuwandawo kwokuchema.

# 2

*Kufara kuzhinji hakuna maturo*

1 Ndakati mumwoyo mangu, "Uya zvino, ndichakuedza nomufaro
kuti uzive chakanaka." Asi naizvozviwo hazvina maturo. 2 Ndakati,
"Kuseka upenzi, uyezve mafaro anobatsireiko?" 3 Ndakaedza kuzvi-
fadza newaini, uye kumbundikira upenzi, pfungwa dzangu dzichindi-
tungamirira nouchenjeri. Ndaida kuona kuti chii chakafanira kuti vanhu
vaite pasi pedenga mumazuva mashoma oupenyu hwavo.
4 Ndakaita mabasa makuru; ndakazvivakira dzimba ndikazvirimira
minda yemizambiringa. 5 Ndakazvigadzirira mapindu, neminda yemiti
uye ndikasimamo miti yemichero yendudzi dzose. 6 Ndakavaka madhamu
kuti ndidiridzire sango remiti yaikura. 7 Ndakatenga varandarume
navarandakadzi, uye ndaiva navamwe varanda vakaberekerwa mumba
mangu. Ndaivawo nepfuma zhinji yemombe namakwai, kupfuura
ani zvake akanditangira kuvapo paJerusarema. 8 Ndakazviunganidzira
sirivha negoridhe, uye nepfuma yamadzimambo uye neyamatunhu.
Ndakatsvaka vaimbi, varume navakadzi, uye nezviridzwa, nezvinofadza
vanakomana vavanhu, navarongowo vazhinji. 9 Saka ndakava mukuru
kwazvo kupfuura ani zvake akanditangira paJerusarema. Mune izvi zvose
uchenjeri hwangu hwakaramba huneni.
10 Handina kuzvirambidza zvinhu zvaidiwa nameso angu,
handina kurambidza mwoyo wangu mufaro.
Mwoyo wangu wakafadzwa nebasa rangu rose,
uye uyu ndiwo wakava mubayiro wokushanda kwangu kwose.
11 Asi pandakaongorora mabasa ose akanga aitwa namaoko angu
uye zvandakatambudzikira kuti ndiwane,
zvose zvakanga zvisina maturo, kwaingova kudzingana nemhepo;
hapana chaibatsira pasi pezuva.

*Uchenjeri noUpenzi hazvina maturo*

12 Naizvozvo ndakapindura pfungwa dzangu kuti ndicherechedze uchen-
jeri,
urema uye noupenzi.
Chii chimwe chingaitwa nomunhu
anotevera mumwe paumambo kunze kwezvakatoitwa kare?
13 Ndakaona kuti uchenjeri huri nani pano upenzi,
sezvo chiedza chiri nani pane rima.
14 Meso omunhu akachenjera ari mumusoro make,
nokuno rumwe rutivi benzi richifamba murima;
asi ndakasvika pakuziva kuti
vose vanowirwa nedambudziko rimwe chete.
15 Ipapo ndakafunga mumwoyo mangu ndikati,
"Magumo ebenzi achandiwanawo neni.

Chii zvino chandinowana pakuva munhu akachenjera?”
Ndakati mumwoyo mangu,
“Izviwo hazvina maturo.”
16 Nokuti munhu akachenjera akafanana nebenzi pakusarangarirwa;
mumazuva anouya vose vachazokanganwikwa.
Kufanana nebenzi, akachenjera anofanira kufawo!

*Kushanda hakuna maturo*

17 Saka ndakavenga upenyu, nokuti basa rinoitwa pasi pezuva
rakandirwadza kwazvo. Zvose hazvo hazvina maturo, kudzingana
nemhepo. 18 Ndakavenga zvinhu zvose zvandakashingairira pasi pezuva,
nokuti ndinofanira kuzvisiyira anonditevera. 19 Uye ndiani angaziva kana
achizova akachenjera kana benzi? Kunyange zvakadaro achava nesimba
pamusoro pebasa rose randakatamburira nesimba nounyanzvi hwangu
pasi pezuva. Izviwo hazvina maturo. 20 Saka mwoyo wangu wakatanga
kushungurudzika pamusoro pokutambudzika nokushanda kwangu pasi
pezuva. 21 Nokuti munhu angaite basa rake nouchenjeri, noruzivo
uye nounyanzvi, zvino ipapo ozofanira kusiya zvose zvaanazvo kuno
mumwe asina kuzvishandira. Naizvozviwo hazvina maturo uye chinhu
chakaipa kwazvo. 22 Munhu anowanei pakushanda kwose nokushingaira
kwomwoyo nokuda kwokushanda kwake pasi pezuva? 23 Mazuva ake
ose basa rake kurwadziwa nokusuwa; kunyange nousiku pfungwa dzake
hadzizorori. Naizvozviwo hazvina maturo.
24 Munhu haana chaangaita chinopfuura kudya nokunwa kuti awane
kugutswa pakushanda kwake. Naizvozviwo, ndinoona kuti zvinobva mu-
ruoko rwaMwari, 25 nokuti kana pasina iye, ndiani angadya kana kuwana
mufaro? 26 Kuno munhu anomufadza, Mwari anopa uchenjeri, nezivo
nomufaro asi kuno mutadzi, anopa basa rokuunganidza nokuchengetera
upfumi kuti agozvipa uyo anofadza Mwari. Naizvozviwo hazvina maturo,
kudzingana nemhepo.

# 3

*Chimwe nechimwe chine nguva yacho*

1 Chinhu chimwe nechimwe chine nguva yacho,
uye basa rimwe nerimwe rine nguva yaro pasi pedenga:

2 nguva yokuberekwa nenguva yokufa,
nguva yokusima nenguva yokudzura;
3 nguva yokuuraya nenguva yokuporesa,
nguva yokuputsa nenguva yokuvaka;
4 nguva yokuchema nenguva yokuseka,
nguva yokuungudza nenguva yokudzana;
5 nguva yokurasa mabwe nenguva yokuaunganidza pamwe chete,
nguva yokumbundikira nenguva yokurega;
6 nguva yokutsvaka nenguva yokurega zvirasike,
nguva yokuchengeta nenguva yokurasa;
7 nguva yokubvarura nenguva yokusona,
nguva yokunyarara nenguva yokutaura;
8 nguva yokuda nenguva yokuvenga,
nguva yehondo nenguva yorugare.

9 Ko, mushandi anowanei kubva mukushanda kwake kwose?
10 Ndakaona mutoro wakapiwa vanhu naMwari. 11 Akaita chinhu
chimwe nechimwe chakanaka nenguva yacho. Akaisawo zvisingaperi
mumwoyo yavanhu; kunyange zvakadaro havangagoni kunzwisisa
zvakaitwa naMwari kubva pakutanga kusvika pakupedzisira. 12 Ndinoziva
kuti hakuna chinhu chakanakira munhu kupfuura kuti afare uye kuti
aite zvakanaka achiri mupenyu. 13 Kuti munhu wose adye uye anwe
uye azviwanire kugutsikana kubva pakushanda kwake kwose, ichi
ndicho chipo chaMwari. 14 Ndinoziva kuti zvose zvinoitwa naMwari
zvichagara nokusingaperi; hapana chingawedzerwa pazviri uye hapana
chingabviswa pazviri. Mwari anozviita kuti vanhu vamukudze.

15 Chipi nechipi chiripo zvino, chakagara chiripo kare,
uye zvichazovapo zvakatovapo kare;
uye Mwari anotsvakazve zvakapfuura.

16 Uyezve ndakaona chimwe chinhu pasi pezuva:
Panzvimbo yokururamisira, zvakaipa zvakanga zviripo,
panzvimbo yokururama, zvakaipa zvakanga zviripo.

17 Ndakafunga mumwoyo mangu ndikati,
"Mwari achatonga vose
vakarurama nevakaipa,
nokuti pachava nenguva yebasa rimwe nerimwe."

18 Ndakatizve, "Kana vari vanhu, Mwari anovaedza kuti vaone kuti
vakangofanana nemhuka. 19 Zvinoitika kumunhu zvakafanana nezvi-
noitika kumhuka; zvose zvinoitirwa zvimwe chetezvo: sokufa kunoita
chimwe, chimwe chinofawo. Zvose zvinofema mweya mumwe; munhu
hapana paanopfuura mhuka. Zvose hazvina maturo. 20 Zvose zvinoenda
kunzvimbo imwe chete; zvose zvinobva kuvhu, uye kuvhu zvose zvin-
odzokera. 21 Ndiani angaziva kana mweya womunhu uchikwira kuenda
kumusoro uye kana mweya wemhuka uchidzika pasi?"

22 Saka ndakaona kuti hapana chingapfuure ichi, kuti munhu afadzwe
nebasa rake, nokuti uyu ndiwo mugove wake. Nokuti ndiani achazomud-
zosazve kuti aone zvichazoitika shure kwake?

# 4

*Udzvinyiriri, Kushanda, noKusava Neshamwari*

1 Ndakatarirazve ndikaona udzvinyiriri hwose hwaiitika pasi pezuva:
Ndakaona misodzi yavanodzvinyirirwa,
uye havana munyaradzi;
simba raiva kudivi ravadzvinyiriri vavo,
uye havana munyaradzi.
2 Ndakati vakafa,
vakanguri vafa kare,
vano mufaro kupfuura vapenyu,
vachiri kurarama.
3 Asi ari nani kupfuura
vose ndiye uyo asati atombovapo,
uyo asati amboona zvakaipa
zvinoitwa pasi pezuva.

4 Uye ndakaona kuti kushanda kwose nokuwana kwose kwomunhu
kunobva pakuchiva muvakidzani wake. Izviwo hazvina maturo, kudzin-
ganisana nemhepo.
5 Benzi rinopeta maoko aro,

rozviparadza.
6 Tsama imwe yorugare
inopfuura tsama mbiri dzokutambudzika
nokudzingana nemhepo.
7 Zvino ndakaona chinhu chisina maturo pasi pezuva.
8 Kwaiva nomunhu aigara ari oga;
akanga asina mwanakomana, kana munun'una.
Kushanda kwake kwakanga kusina magumo,
kunyange zvakadaro meso ake haana kugutswa nepfuma yake.
Akabvunza akati, "Ndinotambudzikira aniko,
uye sei ndichizvinyima mafaro?"
Naizvozvo hazvina maturo,
basa rokutambura!

9 Vaviri vari nani pano mumwe chete,
nokuti vano mugove wakanaka pakushanda kwavo:
10 Kana mumwe akawira pasi,
shamwari yake inogona kumubatsira kuti amire zvakare.
Asi ane nhamo munhu anowira pasi,
asina anomusimudza!
11 Uyezve kana vaviri vachivata pamwe chete, vachadziyirwa.
Asi mumwe chete angadziyirwa sei?
12 Munhu mumwe chete angakurirwa simba,
asi vaviri vanozvidzivirira.
Rwodzi rwakakoswa mutatu harungakurumidzi kudamburwa.

*Kuenda mberi hakuna maturo*

13 Jaya murombo asi rakachenjera riri nani kupfuura mambo mutana ari
benzi, asisazivi kuteerera kana achipiwa yambiro. 14 Jaya ringava rakabva
mutorongo rikazova mambo, kana angava akaberekwa ari muurombo,
muushe hwokwake. 15 Ndakaona kuti vose vapenyu vakafamba pasi
pezuva vakatevera jaya, rakazotevera panzvimbo yamambo. 16 Vakanga
vasingaverengeki vanhu vose vaaitonga. Asi vakazouya pashure havana
kufadzwa neakanga achitonga panzvimbo yamambo. Naizvozviwo hazv-
ina maturo, kudzinganisana nemhepo.

## 5

*Mira utye Mwari*

1 Chenjerera rutsoka rwako kana uchienda kuimba yaMwari. Enda
pedyo undonzwa pano kuti upe chibayiro chamapenzi, vasingazivi kuti
vanoita zvakaipa.
2 Usakurumidza nomuromo wako,
usakurumidza mumwoyo mako
kutaura chipi zvacho chinhu pamberi paMwari.
Mwari ari kudenga
uye iwe uri pasi,
saka mashoko ako ngaave mashoma.
3 Sokuuya kwechiroto kana pane matambudziko akawanda
ndizvowo zvinoita kutaura kwebenzi kana pane mashoko mazhinji.
4 Kana waita mhiko kuna Mwari, usanonoka kuizadzisa. Iye haafariri
mapenzi; zadzisa mhiko yako. 5 Zviri nani kurega kupika pano kuita mhiko
wozorega kuizadzisa. 6 Usaregera muromo wako uchikutungamirira

mukutadza. Uye usapikisa mutumwa wetemberi uchiti, “Ndakakanganisa
pakupika.” Mwari achatsamwireiko pamusoro pezvaunotaura, uye
agoparadza basa ramaoko ako? 7 Kurota kuzhinji namashoko mazhinji
hazvina maturo. Naizvozvo mira utye Mwari.

*Upfumi hahuna maturo*

8 Kana ukaona murombo achidzvinyirirwa mudunhu uye achinyimwa
kururamisirwa nekodzero, usashamiswa nezvinhu zvakadai; nokuti
mumwe mukuru anotarirwa nomumwe ari pamusoro pake, uye pamusoro
pavo vose pane vamwe vakavakurirawo. 9 Zvinowanikwa kubva panyika
zvinotorwa navose; iye mambo ane zvaanowana kubva kuminda.
10 Uyo zvake anoda mari haazombowani mari yakakwana;
ani zvake anoda pfuma haazombogutswi nezvaanowana.
Naizvozviwo hazvina maturo.

11 Nokuwanda kunoita pfuma,
ndiko kuwanda kunoitawo vanoidya.
Uye zvinobatsireiko kumuridzi wayo
kunze kwokungogutsa meso ake nayo?

12 Hope dzomushandi dzakanaka,
hazvinei kuti adya zvishoma kana zvizhinji,
asi kuwanda kwezvinhu
zvomupfumi hakumuwanisi hope.
13 Ndakaona chinhu chakaipisisa pasi pezuva:
pfuma inounganidzwa nomwene wayo, ichimuonesa nhamo,
14 kana pfuma inorasika nokuda kwechinhu chakaipa chinomuwira,
kuti kana abereka mwana mukomana
anoshaya chaanomusiyira.
15 Munhu sezvaanobuda mudumbu ramai vake,
uye sokuuya kwake, saizvozvowo anoenda.
Haana chaanotakura chinobva pabasa rake,
chaangaenda nacho muruoko rwake.
16 Ichi zvakare chinhu chakaipa kwazvo:
Sokuuya kunoita munhu saizvozvowo anoenda,
uye chii chaangawana,
iye achishandira mhepo?
17 Pamazuva ake ose anodyira murima,
nokudzungaira kukuru, kutambudzika uye nehasha.
18 Ipapo ndakaziva kuti zvakanaka uye zvakafanira kuti munhu adye
uye anwe, uye kuti azviwanire kugutsikana mukushanda kwake kwaaka-
bata pasi pezuva pamazuva ake mashoma oupenyu aakapiwa naMwari,
nokuti uyu ndiwo mugove wake. 19 Pamusoro pezvo, Mwari paanopa
munhu upi zvake mari nezvinhu, uye achiita kuti akwanise kuti afadzwe
nazvo kuti agamuchire mugove wake uye kuti afadzwe nebasa rake, ichi
chipo chinobva kuna Mwari. 20 Haawanzofunga pamusoro poupenyu
hwake, nokuti Mwari anopindura zvinofadza mwoyo wake.

# 6

1 Ndakaona chimwe chinhu chakaipa pasi pezuva, uye chinoremedza
vanhu zvikuru: 2 Mwari anopa munhu mari nezvinhu zvakawanda
uye nokukudzwa, zvokuti haana chaangashayiwa pazvinhu zvinodiwa

nomwoyo wake, asi Mwari haazomutenderi kuti afadzwe nazvo, uye mutorwa ndiye anozofadzwa nazvo panzvimbo yake. Izvi hazvina maturo, chinhu chakaipa chinorwadza.
3 Munhu angava navana zana agorarama makore akawanda, asi hazvinei kuti ararama nguva yakareba sei, kana akasafara nezvaanowana uyezve akasavigwa zvakanaka, ndinoti mwana aberekwa ari gavamwedzi
ari nani pana iye. 4 Anouya asina zvaanoreva anoendazve murima, uye
murima zita rake rinofukidzirwa. 5 Kunyange asina kumboona zuva
kana kuziva chinhu, ane zororo rinopfuura munhu iyeyu, 6 kunyange
akararama makore anokwana zviuru zviviri, asi akatadza kufadzwa nezvaanowana. Ko, vose havaendi kunzvimbo imwe chete here?

7 Kushingaira kwose kwomunhu kunoitirwa muromo wake,
kunyange zvakadaro kuda kwake zvokudya hakugutswi.
8 Ko, akachenjera anokurira
benzi pachii?
Ko, murombo anowanei nokuziva
kuzvibata pamberi pavamwe?
9 Zviri nani zvinoonekwa nameso
pane kutsvaka-tsvaka kwomwoyo.
Izviwo hazvina maturo,
kudzinganisana nemhepo.

10 Chinhu chipi nechipi chiripo chakapiwa zita kare,
uye munhu zvaari zvakazivikanwa kare;
hakuna munhu anorwisana
nomunhu anomupfuura pasimba.
11 Kuwanda kwamashoko
ndikowo kuwanda kwezvisina maturo,
uye zvingabatsira aniko zvakadai?

12 Zvino ndiani angaziva zvakanakira munhu muupenyu, pamazuva mashoma uye asina maturo anopfuura somumvuri? Nokuti ndiani angaudza munhu zvinozomutevera mushure mokunge iye aenda?

# 7

*Uchenjeri*

1 Zita rakanaka rinopfuura mafuta anonhuhwira zvakanaka kwazvo,
uye zuva rokufa rinopfuura zuva rokuzvarwa.
2 Zviri nani kuenda kuimba yokuchema
pano kuenda kuimba yamabiko,
nokuti rufu ndiwo mugumo womunhu wose;
vapenyu ngavazviise izvi pamwoyo.
3 Kusuwa kunopfuura kuseka,
nokuti chiso chinopunyaira chakanakira mwoyo.
4 Mwoyo womuchenjeri uri mumba yokuchema,
asi mwoyo yamapenzi iri kuimba yamafaro.
5 Zviri nani kuteerera kutsiura kwomunhu akachenjera,
pano kuteerera rwiyo rwamapenzi.
6 Sokuputika kweminzwa pasi pehari,
ndizvo zvakaita kuseka kwamapenzi.
Naizvozviwo hazvina maturo.
7 Udzvinyiriri hunoshandura muchenjeri achiva benzi,

uye fufuro inosvibisa mwoyo.

8 Magumo echinhu anopfuura mavambo acho,
uye mwoyo murefu unopfuura kuzvikudza.
9 Usakurumidza kutsamwa pamweya wako
nokuti kutsamwa kunogara muchipfuva chamapenzi.

10 Usati, “Sei mazuva akare ari nani kupfuura azvino?”
Nokuti hazvina kuchenjera kubvunza mibvunzo yakadaro.

11 Uchenjeri chinhu chakanaka senhaka,
uye hunobatsira avo vanoona zuva.
12 Uchenjeri hunodzivirira sokudzivirira kunoita mari,
asi kunakisa kworuzivo ndokuku:
kuti uchenjeri hunochengetedza
upenyu hwomunhu anahwo.
13 Cherechedza zvakaitwa naMwari:
Ndiani angatwasanudza
zvaakagonyanisa?
14 Kana zvinhu zvakanaka, fara;
asi kana nguva dzakaipa, rangarira kuti:
Mwari ndiye akaita izvozvo
zvose zviri zviviri.
Naizvozvo, munhu haagoni kuziva chinhu
pamusoro peramangwana rake.
15 Muupenyu hwangu husina maturo ndakaona zvose izvi:
akarurama achiparara mukururama kwake,
nowakaipa achirarama nguva refu mukuipa kwake.
16 Usava munhu akanyanyisa kururama,
kana munhu akanyanyisa kuchenjera,
uchazviparadzireiko?
17 Usava munhu akanyanyisa kuipa,
uye usava benzi.
Ungada kufa nguva yako isati yakwana?
18 Zvakanaka kubatisisa chimwe chinhu,
uye usingaregedzi chimwe chacho chichienda.
Munhu anotya Mwari acharega kuita zvinopfurikidza mwero.

19 Uchenjeri hunoita kuti mumwe munhu akachenjera
ave nesimba guru kupfuura vatariri gumi vari muguta.

20 Hapana munhu akarurama panyika,
anoita zvakanaka uye asingatadzi.

21 Usava nehanya namashoko ose anotaurwa navanhu,
zvichida ungangonzwa muranda wako achikutuka,
22 nokuti unoziva mumwoyo mako
kuti nguva zhinji iwe pachako wakambotuka vamwe.
23 Zvose izvi ndakazviedza nouchenjeri ndikati,
“Ndakazvipira kuva munhu akachenjera,”
asi izvi zvaiva kure neni.

24 Chii zvacho chingava uchenjeri,
chiri kure kwazvo uye chakadzama,
ndiani angachiwana?
25 Saka ndakashandura pfungwa dzangu ndikatanga kutsvaka kunzwisisa,
kuti ndiongorore uye nditsvakisise uchenjeri nourongwa hwezvinhu,
uye kuti ndinzwisise upenzi hwokuipa
nomupengo hwoupenzi.

26 Ndakawana chinhu chinovava kupfuura rufu,
mukadzi anova musungo,
mwoyo wake uri hunza
uye maoko ake ari ngetani.
Munhu anofadza Mwari achapunyuka kwaari,
asi mutadzi achabatwa naye.
27 Muparidzi anoti, "Tarira, izvi ndizvo zvandakawana:
"Ndichisanganisa chimwe nechimwe kuti ndiwane marongerwo ezvinhu,
28 pandakanga ndichiri kutsvaka
asi ndisina chandinowana,
ndakawana murume mumwe chete akarurama pakati pechiuru,
asi handina kuwana mukadzi mumwe chete akarurama pakati pavo vose.
29 Chinhu ichi chete ndicho chandakawana chokuti:
Mwari akaita vanhu vakarurama,
asi vanhu vakaenda kundotsvaka mano mazhinji."

# 8

1 Ndiani akafanana nomunhu akachenjera?
Ndiani anoziva tsananguro yezvinhu?
Uchenjeri hunobwinyisa chiso chomunhu
uye hunoshandura kuomarara kwechiso.

*Teerera Mambo*

2 Ndinoti, teerera murayiro wamambo, nokuti wakaita mhiko pamberi
paMwari. 3 Usakurumidza kubva pamberi pamambo. Usamiririra zvinhu
zvakaipa, nokuti iye achaita chinhu chipi zvacho chinomufadza. 4 Sezvo
shoko ramambo riri pamusoro pamashoko ose, ndiani angati kwaari,
"Munoiteiko?"
5 Ani naani zvake achateerera murayiro wake haangawani chinomukuvadza,
uye mwoyo wakachenjera uchaziva nguva yakafanira namaitiro akafanira.
6 Nokuti kune nguva yakafanira namaitiro akafanira pazvinhu zvose,
kunyange nhamo yomunhu ichimuremera zvikuru.

7 Sezvo pasina munhu anoziva ramangwana,
ndiani angamuzivisa zvichauya?
8 Hakuna munhu ane simba pamusoro pemhepo kuti aitonge;
saizvozvowo hakuna munhu ane simba pamusoro pezuva rokufa kwake.
Sezvo kusinawo munhu anoregedzeswa kurwa panguva yehondo,
saizvozvowo zvakaipa hazvingaregedzi uyo anozviita.
9 Zvose izvi ndakazviona, pandakaisa pfungwa dzangu pane zvose
zvinoitwa pasi pezuva. Pane nguva yokuti mumwe munhu anenge

ane simba pamusoro pavamwe, asi achizvikuvadza pachake. 10 Zvino
ndakaonazve vakaipa vachivigwa mumakuva, vose vaisiuya nokuenda
kubva kunzvimbo tsvene uye vachirumbidzwa muguta mavaiitira izvi.
Naizvozviwo hazvina maturo.

11 Kana mhosva ikarega kukurumidza kutongwa, mwoyo yavanhu
ichazara nezvirongwa zvokuita zvakaipa. 12 Kunyange munhu akaipa
akapara mhosva dzinosvika zana agorarama nguva refu, ndinoziva
kuti zvichava nani kuna vanhu vanotya Mwari, avo vanokudza Mwari.
13 Asi nokuti vakaipa havatyi Mwari, hazvizovanakira, uye mazuva avo
haangarebi somumvuri.

14 Pane chimwezve chinhu chisina maturo chinoitika panyika: Vanhu
vakarurama vanoitirwa zvakafanira kuitirwa vakaipa, uye vanhu vakaipa
vanowana zvakafanira kuwanikwa navakarurama. Naizvozviwo ndinoti
hazvina maturo. 15 Saka ndinokurudzira vanhu kuti vafadzwe noupenyu,
nokuti hapana chinhu chiri nani kumunhu pasi pezuva kupfuura kudya
nokunwa nokufara. Ipapo mufaro uchamutevera mubasa rake mazuva
ose oupenyu hwaakapiwa naMwari pasi pezuva.

16 Pandakaisa pfungwa dzangu kuti ndizive uchenjeri nokuongorora
mabasa omunhu panyika, maziso ake asingawani hope usiku namasikati,
17 ipapo ndakaona zvose zvakaitwa naMwari. Hapana munhu angazv-
inzwisisa zvinoitika pasi pezuva. Hazvinei kuti munhu anoedza sei
kuzvitsvaka, munhu haangagoni kuziva zvazvinoreva. Kunyange munhu
akachenjera akati anozviziva haangakwanisi kunyatsozvinzwisisa.

# 9

*Mugumo waVanhu Vose*

1 Nokudaro ndakafunga pamusoro pezvose izvi uye ndikapedzisira
nokuti vakarurama navakachenjera, nezvavanoita zviri mumaoko
aMwari, asi hakuna munhu anoziva kuti rudo here kana ruvengo
zvakamumirira. 2 Vose vane mugumo wakafanana, akarurama neakaipa,
akanaka nomutadzi, akachena neakasviba, avo vanobayira zvibayiro
neavo vasingabayiri.

Sezvazvakaita nomunhu akanaka,
ndizvozvowo nomutadzi;
sezvazvakaita neavo vanoita mhiko,
ndizvozvowo neavo vanotya kuita mhiko.

3 Ichi ndicho chinhu chakaipa pane zvose zvinoitika pasi pezuva:
Vose vane mugumo mumwe chete. Pamusoro pezvo, mwoyo yavanhu
izere nezvakaipa uye mumwoyo yavo mune upenzi panguva yokurarama
kwavo, uye shure kwaizvozvo vanobatana navakafa. 4 Ani naani ari
pakati pavapenyu ane tariro; kunyange imbwa mhenyu iri nani kupfuura
shumba yakafa!

5 Nokuti vapenyu vanoziva kuti vachafa,
asi vakafa havana chavanoziva;
havachinazve mumwe mubayiro,
uye nokurangarirwa kwavo kwakanganikwa.
6 Rudo rwavo, ruvengo rwavo
negodo zvakanguri zvapera kare;
havachazovizve nechikamu,
pane zvose zvinoitika pasi pezuva.

7 Enda, undodya zvokudya zvako nomufaro, unwe waini nomwoyo
wakafara, nokuti iye zvino Mwari ndipo paari kufadzwa namabasa ako.
8 Nguva dzose upfeke nguo chena, uye ugare wakazodza musoro wako
namafuta. 9 Fadzwa noupenyu hwako nomukadzi wako waunoda, mazuva
ose oupenyu huno husina maturo Mwari hwaakakupa pasi pezuva,
mazuva ose asina maturo. Nokuti uyu ndiwo mugove wako muupenyu
uye mukushanda kwako nesimba pasi pezuva. 10 Zvose zvinowanikwa
noruoko rwako kuti ruzviite, zviite nesimba rako rose, nokuti muguva,
mauri kuenda, hamuna kushanda kana kuronga, kana ruzivo kana
uchenjeri.

11 Ndakaona chimwe chinhuzve pasi pezuva:
Anomhanyisa haasi iye anokunda
uye ane simba haasi iye anokunda pakurwa,
uye akachenjera haasi iye ane zvokudya,
uye vane njere havasi ivo vane pfuma,
uye vakadzidza havasi ivo vanodiwa navanhu;
asi vose vanowirwa nenguva nezvinoitika.

12 Pamusoro pezvo hakuna munhu anoziva nguva yake painosvika:
Sehove dzinobatwa murutava rwakaipa,
kana shiri dzinobatwa murugombe,
saizvozvowo vanhu vanobatwa
nenguva dzakaipa dzinovawira vasingatarisire.

*Uchenjeri hunopfuura Upenzi*

13 Ndakaonazve pasi pezuva muenzaniso uyu wouchenjeri wakandi-
fadza zvikuru: 14 Kwakanga kune guta duku, raiva navanhu vashoma
mariri. Mumwe mambo ane simba akarimukira, akarikomba, akarivakira
masvingo makuru okurirwisa. 15 Zvino muguta umu maigara mumwe
murume akanga ari murombo asi akachenjera, uye akaponesa guta
iri nouchenjeri hwake. Asi hakuna munhu akarangarira murombo
uya. 16 Saka ndakati, “Uchenjeri hunopfuura simba.” Asi uchenjeri
hwomurombo hunoshorwa uye mashoko ake haangateererwi.

17 Mashoko manyoro omuchenjeri anoteererwa
kupfuura kudanidzira kwomunhu anobata ushe pakati pamapenzi.
18 Uchenjeri hunopfuura zvombo zvehondo,
asi mutadzi mumwe anoparadza zvakanaka zvizhinji.

# 10

1 Nhunzi dzakafa dzinonhuwisa mafuta akanaka,
saizvozvowo upenzi hushoma hunorema kukunda uchenjeri nokukudzwa.
2 Mwoyo womunhu akachenjera unosimbira kurudyi,
asi mwoyo webenzi unosimbira kuruboshwe.
3 Kunyange richifamba pamugwagwa,
benzi rinoshayiwa njere
uye rinoratidza vanhu vose upenzi hwaro.
4 Kana kutsamwa kwomutongi kukakumukira,
usabva panzvimbo yako;
unyoro hunonyaradza mhosva huru.
5 Kune chinhu chakaipa chandakaona pasi pezuva,
kutadza kunobva kuvatongi:
6 Mapenzi anoiswa munzvimbo zhinji dzapamusoro,

ipapo vapfumi vachitora nzvimbo dzakaderera.
7 Ndakaona varanda vakatasva mabhiza,
ipapo machinda achifamba pasi netsoka savaranda.

8 Ani naani anochera gomba angangowira mariri;
ani naani anopwanya naparusvingo angangorumwa nenyoka.
9 Ani naani anopwanya matombo angangokuvadzwa nawo;
ani naani anotsemura matanda angangozviisa panjodzi nawo.

10 Kana demo rakagomara
uye rikasarodzwa,
panodiwa simba rakawanda,
asi unyanzvi hunouyisa kubudirira.

11 Kana nyoka ikaruma mupingudzi asati aibata,
mupingudzi haachabatsiri.

12 Mashoko anobva mumuromo momunhu akachenjera ane unyoro,
asi benzi rinomedzwa nomuromo waro.
13 Kutanga kwamashoko ake upenzi;
nokuguma kwokutaura kwake mupengo wakashata.
14 Uye benzi rinowanza mashoko.

Hapana munhu anoziva zvichauya,
ndiani angamuudza zvichaitika shure kwake?

15 Basa rebenzi rinomunetesa;
haazivi nzira inoenda kuguta.

16 Une nhamo iwe nyika ina mambo aiva muranda
uye ina machinda anoita mabiko mangwanani.
17 Wakaropafadzwa iwe nyika ina mambo akaberekwa mukukudzwa
uye ina machinda anodya panguva yakafanira,
kuti vasimbiswe kwete kuti vadhakwe.

18 Kana munhu ari simbe, denga remba rinosakara;
kana achigarira maoko, imba inobvinza.

19 Mabiko anoitirwa kuseka,
uye waini inofadza upenyu,
asi mari imhinduro kune zvose.

20 Usatuka mambo kunyange mupfungwa dzako,
kana kutuka mupfumi paimba yako yokuvata,
nokuti shiri yedenga ingangotakura mashoko ako,
uye china mapapiro chingangozivisa zvawataura.

## 11

*Chingwa pamusoro peMvura*

1 Kanda chingwa chako pamusoro pemvura zhinji,
nokuti mushure mamazuva mazhinji uchachiwanazve.
2 Govera vanomwe, kunyange navaserewo;

nokuti hauzivi kuti idambudziko rakadii richauya panyika.
3 Kana makore azara nemvura
anonayisa mvura panyika.
Hazvinei kuti muti wawira zasi kana kumusoro,
panzvimbo paunowira, ndipo paucharara.
4 Ani naani anotarira mhepo haangadyari;
ani naani anotarira makore haangakohwi.

5 Sezvo usingazivi nzira yemhepo,
kana magadzirirwo omuviri mudumbu ramai,
saizvozvowo haunganzwisisi basa raMwari,
Muiti wezvose.

6 Kusha mbeu dzako mangwanani,
uye madekwana urege kugarira maoko ako,
nokuti hauzivi kuti chichabudirira ndechipi,
chingava ichi kana icho,
kana kuti zvose zviri zviviri zvichafanana pakunaka.

### *Rangarira Musiki wako uchiri muduku*

7 Chiedza chakanaka,
uye zvinofadza meso kuona zuva.
8 Kunyange zvazvo munhu akararama makore mazhinji,
ngaafadzwe nawo ose.
Asi ngaarangarire mazuva erima,
nokuti achava mazhinji.
Zvose zvichazouya hazvina maturo.

9 Fara zvako jaya, pauduku hwako,
uye mwoyo wako ngaukupe mufaro pamazuva ouduku hwako.
Tevera nzira dzomwoyo wako,
nezvose zvingaonekwe nameso ako,
asi uzive kuti pazvinhu zvose izvi
Mwari achakusvitsa pakutongwa.
10 Saka zvino dzinga zvinonetsa pamwoyo
wako ugobvisa zvinotambudza pamuviri wako,
nokuti uduku nesimba hazvina maturo.

## 12

1 Rangarira Musiki wako
pamazuva ouduku hwako,
mazuva okutambudzika asati auya,
namakore asati aswedera pauchati,
"Handioni zvinofadza maari,"
2 zuva nechiedza uye nomwedzi
nenyeredzi zvisati zvadzima,
uye makore asati adzoka mushure mokunaya kwemvura;
3 kana vatariri vemba vodedera,
navarume vakasimba vokotama,
kana vakuyi vorega nokuti vashoma,
uye vaya vanotarira napamawindo voonera madzerere;
4 kana mikova yokunzira ichinge yapfigwa
uye maungira okukuya oderera;

kana vanhu vomutswa nokuimba kweshiri
asi nziyo dzavo dzose dzisisanzwiki zvakanaka;
5 kana vanhu votya nzvimbo dzakakwirira
nenjodzi mumigwagwa;
kana muamanda wotumbuka
nemhashu yozvikwekweredza
uye kuda kwose kwapera.
Ipapo munhu anoenda kumusha wake usingaperi,
uye vanochema vachafamba-famba munzira.
6 Murangarirei, rwodzi rwesirivha rusati rwadambuka;
uye mbiya yegoridhe isati yaputswa;
chirongo chisati chapwanyika pachitubu,
uye vhiri risati raputswa patsime,
7 uye guruva risati radzokera kuvhu kwarakabva,
nomweya usati wadzokera kuna Mwari akaupa.

8 Muparidzi anoti, "Hazvina maturo! Hazvina maturo!
Zvose hazvina maturo!"

*Magumo eNyaya*

9 Muparidzi akanga asina kuchenjera chete asi akadzidzisawo zivo
kuvanhu. Akarangarira akaongorora uye akaronga zvirevo zvizhinji.
10 Muparidzi akatsvaka kuti awane mashoko akanaka chete, uye zvaakany-
ora zvakarurama uye ndezvechokwadi.
11 Mashoko avachenjeri akafanana nezvibayiso, mashoko avo akaun-
ganidzwa akasimbiswa sembambo dzakarovererwa kwazvo, akapiwa
noMufudzi mumwe chete. 12 Yambirwa, mwanakomana wangu, kuti
pasava nechinhu chipi zvacho chichawedzerwa pazviri.
Zvokunyora mabhuku mazhinji hazvina magumo, uye kudzidza
zvizhinji kunonetesa muviri.
13 Zvino zvose zvanzwikwa;
houno mugumo wenyaya yacho:
Itya Mwari uchengete mirayiro yake,
nokuti iri ndiro basa rose romunhu.
14 Nokuti Mwari achatonga basa rimwe nerimwe
kusanganisira nezvakavanzika zvose,
zvakanaka kana zvakaipa.

# RWIYO RUKURU RWASOROMONI

1 Rwiyo Rukuru rwaSoromoni:

*Mukadzi*

2 Ngaanditsvode hake nokutsvoda kwomuromo wake.
Nokuti rudo rwako runofadza kupfuura waini.
3 Kunhuhwirira kwamafuta enyu kunofadza;
zita renyu rakafanana namafuta anonhuwirira adururwa.
Hazvishamisi kuti mhandara dzinokudai!
4 Nditorei muende neni, ngatikurumidzei.
Mambo ngaandipinze mudzimba dzake dzomukati.

*Shamwari*

Tinokupembererai uye tinokufarirai;
ticharumbidza rudo rwenyu kupfuura waini.

*Mukadzi*

Regai zvenyu mhandara dzikudei!

5 Kusviba ndakasviba zvangu, asi ndakanaka hangu,
vanasikana veJerusarema,
ndakasviba samatende eKedhari,
sezvidzitiro zvetende raSoromoni.
6 Musanditarisisa nokuda kwoutema hwangu,
nokuti ndakasvibiswa nezuva.
Vanakomana vamai vangu vakanditsamwira
vakandiita kuti ndichengete minda yemizambiringa;
munda wangu chaiwo wemizambiringa ndakaushayira nguva.
7 Ndiudze, iwe mudiwa wangu, kwaunofudzira makwai ako
nokwaunozorodzera makwai ako masikati.
Ko, ndichaitirei somukadzi akafukidza chiso chake
pedyo namakwai eshamwari dzako?

*Shamwari*

8 Kana usingazivi, iwe mukadzi akanaka kukunda vamwe,
chitevera makwara amakwai
ugondofudzira mbudzana dzako
pedyo namatende avafudzi.

*Murume*

9 Ndinokufananidza, iwe mudiwa wangu, nebhiza rakasungwa
pane imwe yengoro dzaFaro.
10 Matama ako akashongedzwa zvakanaka nemhete,
mutsipa wako nezvuma zvamatombo anokosha.
11 Tichakugadzirira mhete
dzenzeve dzegoridhe nesirivha.

*Mukadzi*

12 Mambo paakanga agere patafura yake,
munhuwi wamafuta andainge ndazora wakapararira.
13 Mudiwa wangu, kwandiri akaita sakahomwe kemura
kanogara pakati pamazamu angu.
14 Mudiwa wangu, kwandiri akaita sesumbu ramaruva machena
anobva mubindu remizambiringa yeEni Gedhi.

*Murume*

15 Kunaka here kwawakaita uku, mudiwa wangu!
A-a, wakazonaka!
Meso ako injiva chaidzo!
*Mukadzi*
16 Wakanaka sei, mudiwa wangu!
A-a, unofadza!
Uye mubhedha wedu wakasvibira.
*Murume*
17 Nhungo dzeimba yedu ndedzomusidhari;
mbariro dzacho ndedzomupaini.

# 2

*Mukadzi*
1 Ndiri ruva reSharoni,
ruva romumipata.
*Murume*
2 Seruva riri pakati peminzwa,
ndizvo zvakaita mudiwa wangu pakati pemhandara.
*Mukadzi*
3 Somuti womuapuro pakati pemiti yesango,
ndizvo zvawakaita mudiwa wangu pakati pamajaya.
Ndinofarira kugara mumumvuri wake,
uye muchero wake unondinakira kuudya.
4 Akaenda neni kuimba yamabiko,
uye mureza wake pamusoro pangu ndirwo rudo.
5 Ndisimbise namazambiringa akaomeswa,
ndisimbise namaapuro;
nokuti ndoziya norudo.
6 Ruoko rwake rworuboshwe rwuri pasi pomusoro wangu,
uye ruoko rwake rworudyi rwakandimbundikira.
7 Imi vanasikana veJerusarema ndinokupikirai
nemhara uye nenondo dzesango:
Musazunguza kana kumutsa rudo
kusvikira irwo rwada rwoga.

8 Inzwai! Inzwi romudiwa wangu!
Tarirai! Hoyo
ouya achiuruka nomumakomo,
achikwakuka nomuzvikomo.
9 Mudiwa wangu akafanana nemhara
kana netsvana yenondo.
Tarirai! Hoyo amira seri kworusvingo rwedu,
akatarira napamawindo achidongorera napamaburi apamawindo.
10 Mudiwa wangu akataura kwandiri akati,
"Simuka, mudiwa wangu,
iwe munakunaku wangu, uya tiende tose.
11 Tarira! Nguva yechando yapera;
mvura yapera; uye haichanayi.
12 Maruva oonekwa panyika;
nguva yokuimba yasvika,
kurira kwenjiva
kwonzwikwa munyika yedu.
13 Muonde wobereka michero yawo yokutanga;

uye mizambiringa yotunga maruva ayo anonhuhwira kwazvo.
Simuka, uya, mudiwa wangu;
munakunaku wangu, uya tiende tose."

*Murume*

14 Njiva yangu iri mumikaha yedombo,
munzvimbo dzokuvanda mumativi egomo,
ndiratidze chiso chako,
ndinoda kunzwa inzwi rako;
nokuti inzwi rako rinotapira,
uye chiso chako chinoyevedza.
15 Tibatirei makava,
ivo vana vemakava
anoparadza minda yemizambiringa,
iyo mizambiringa yedu yotunga maruva.

*Mudiwa*

16 Mudiwa wangu ndewangu uye ndiri wake;
anofamba-famba pakati pamaruva omubani.
17 Kusvikira zuva rabuda
uye mimvuri yatiza,
pinduka, mudiwa,
ubve waita semhara
kana tsvana
pamusoro pezvikomo.

# 3

1 Usiku hwose ndiri pamubhedha wangu
ndakatsvaka uyo anodiwa nomwoyo wangu;
ndakamutsvaka asi handina kumuwana.
2 Ndichasimuka zvino ndinofamba-famba muguta,
mumigwagwa yaro nomuzvivara zvaro;
ndichatsvaka iye anodiwa nomwoyo wangu.
Saka ndakamutsvaka asi handina kumuwana.
3 Varindi vakandiona
pavaiva pabasa ravo rokufamba-famba vachichengetedza guta.
"Ko, mamboona here iye anodiwa nomwoyo wangu?"
4 Ndichingopfuudzana navo
ndakabva ndamuwana, iye anodiwa nomwoyo wangu.
Ndakamubata ndikasamuregedza
kusvikira ndaenda naye kumba kwamai vangu,
kuimba yaavo vakandibereka.
5 Vanasikana veJerusarema, ndinokurayirai
nemhara kana nenondo dzesango kuti:
Musazunguza kana kumutsa rudo
kusvikira irwo rwada rwoga.
6 Ndianiko uyo ari kuuya achibva nokurenje
seshongwe youtsi
ine munhuwi wemura, nezvimwe zvinonhuhwira
zvakagadzirwa nezvikuyiwa zvinonhuhwira zvavashambadzi?
7 Tarirai! Ndiyo ngoro yaSoromoni,
yakachengetedzwa nemhare makumi matanhatu dzamachinda,
apamusoro-soro omuIsraeri.
8 Mumwe nomumwe wavo akabata munondo
vose vakarwa hondo,

mumwe nomumwe ane munondo parutivi rwake,
vakagadzirira kutarisana nezvinotyisa usiku.
9 Mambo Soromoni akazvigadzirira ngoro;
akaigadzira nemiti yokuRebhanoni.
10 Mbiru dzacho akadzigadzira nesirivha,
pokuzembera musana pakagadzirwa negoridhe.
Pokugara pakashongedzwa nejira repepuru,
mukati mayo makashongedzwa norudo
navanasikana veJerusarema.
11 Budai imi vanasikana veZioni,
muzoona Mambo Soromoni akapfeka korona,
korona yaakapfekedzwa namai vake
musi wesvitsa,
zuva iro mwoyo wake wakafara.

# 4

*Murume*

1 Wakanaka sei, mudiwa wangu!
A, wakazonaka!
Meso ako uri mumumbure injiva chaidzo.
Bvudzi rako rakaita sedanga rembudzi
riri kuburuka kubva muGomo reGireadhi.
2 Meno ako akafanana neboka ramakwai achangobva mukuveurwa,
ari kubva kundoshambidzwa.
Rimwe nerimwe riine rarakafanana naro,
pasina rimwe riri roga zvaro.
3 Miromo yako yakafanana nomucheka mutsvuku;
muromo wako wakaisvonaka.
Zvavovo zvako zviri mumumbure wako
zvakaita sezvikamu zviviri zvedamba.
4 Mutsipa wako wakafanana neshongwe yaDhavhidhi
yakavakwa zvinoyevedza.
Mairi makaturikwa nhoo dzine chiuru,
dzose dziri nhoo dzemhare.
5 Mazamu ako ari maviri akafanana netsvana mbiri dzemhara,
mapatya emhara
dzinofura pamwe chete pakati pemaruva.
6 Kusvikira zuva rabuda
uye mimvuri yotiza,
ndichaenda kugomo remura
nokuchikomo chezvinonhuhwira.
7 Wakaisvonaka iwe, mudiwa wangu;
mauri hamuna kana chinongo.

8 Ngatibvei tose kuRebhanoni, iwe mwenga wangu,
ngatibvei tose kuRebhanoni.
Buruka kubva pamusoro-soro peAmana,
kubva pamusoro peSeniri,
pamusoro-soro peHerimoni,
kubva kumapako eshumba nokumakomo anofamba-famba mbada.
9 Watora mwoyo wangu hanzvadzi yangu, mwenga wangu;
wanditora mwoyo
nokungondiringa kwawaita kamwe chete,

uye nedombo rimwe rinokosha rechishongo chomutsipa wako.
10 Rudo rwako kwandiri runondifadza sei, hanzvadzi yangu, mwenga wangu!
Rudo rwako runofadza sei kukunda waini,
uye kunhuhwira kwamafuta ako okuzora
kunokunda zvose zvinonhuhwira.
11 Miromo yako inodonhesa zvinotapira sezinga rouchi, mwenga wangu;
uchi nomukaka zviri pasi porurimi rwako.
Kunhuhwira kwenguo dzako kwakafanana nokweRebhanoni.
12 Uri bindu rakapfigwa, hanzvadzi yangu, mwenga wangu.
Uri tsime rakakomberedzwa, nechitubu chakavakirirwa.
13 Miti yako ibindu ramatamba
nemimwe michero yakaisvonaka,
hena nenaridhi,
14 naridhi nesafuroni,
karamusi, nesinamoni,
nemiti yose inogadziriswa zvinonhuhwira
nemura negavakava,
uye nezvose zvinonhuhwira zvakanakisisa.
15 Uri chitubu chomubindu,
tsime remvura inoerera,
inoerera ichibva kuRebhanoni.

*Mukadzi*

16 Muka, iwe mhepo yokumusoro,
uye uya iwe mhepo yezasi!
Vhuvhuta napabindu rangu
kuti kunhuhwirira kwezvirimo kuparadzirwe kwose kwose.
Rega mudiwa wangu apinde mubindu rake,
agoravira michero yaro yakaisvonaka, sepaanodira.

# 5

*Murume*

1 Ndauya zvangu mubindu rangu, hanzvadzi yangu, iwe mwenga wangu;
ndaunganidza mura yangu pamwe chete nezvinonhuhwira zvangu.
Ndadya zinga rangu rouchi nouchi hwangu;
ndanwa waini yangu nomukaka wangu.

*Shamwari*

Idyai, imi shamwari, uye munwe;
inwai mugute, imi vanodanana.

*Mukadzi*

2 Ndakavata asi mwoyo wangu wakanga wakasvinura.
Inzwai! Mudiwa wangu ari kugogodza, achiti,
“Ndizarurire, hanzvadzi yangu, mudiwa wangu,
njiva yangu, wangu asina chinongo.
Musoro wangu wanyorova nedova,
bvudzi rangu ranyoroveswa nounyoro hweusiku.”
3 Ndabvisa nguo yangu,
ndoipfekazve here?
Ndashambidza tsoka dzangu,
ndodzisvibisazve here?
4 Mudiwa wangu akapinza ruoko rwake nepahwangwadza yomukova;
mwoyo wangu wakatanga kumudokwairira.
5 Ndakasimuka kuti ndizarurire mudiwa wangu,

maoko angu akadonha mura,
mimwe yangu ichiyerera mura,
pazvibato zvechizarira.
6 Ndakazarurira mudiwa wangu,
asi mudiwa wangu akanga abva; akanga atoenda.
Mwoyo wangu wakarwadziwa nokuenda kwake.
Ndakamutsvaka asi handina kumuwana.
Ndakamudana asi haana kupindura.
7 Varindi vakandiona
pavaiva pabasa ravo rokufamba-famba vachichengetedza guta.
Vakandirova, vakandikuvadza;
vakanditorera jasi rangu,
ivavo varindi vamasvingo!
8 Imi vanasikana veJerusarema, ndinokurayirai,
kana mukaona mudiwa wangu,
muchamuudzeiko?
Mumuudze kuti ndinorwara nerudo.
*Shamwari*
9 Mudiwa wako akanaka kukunda vamwe pakudii,
iwe zvako wakanaka kukunda vamwe vakadzi?
Mudiwa wako akanaka kukunda vamwe pakudii,
zvaunotirayira kudaro?
*Mukadzi*
10 Mudiwa wangu akanaka uye mutsvuku,
anokunda vanokwana zviuru gumi.
11 Musoro wake igoridhe chairo;
bvudzi rake rinoyevedza
uye rakasviba segunguo.
12 Meso ake akafanana nenjiva
dziri pahova dzemvura,
dzakashambidzwa mumukaka,
akarongwa sezvishongo.
13 Matama ake akaita semihomba yezvinonhuhwira
inobereka zvinonhuhwira.
Miromo yake yakaita samaruva amahapa
anodonha mura.
14 Maoko ake itsvimbo dzegoridhe
dzakaiswa mabwe anokosha ekrisorite.
Muviri wake wakaita senyanga dzenzou dzinobwinya
dzakashongedzwa nesafire.
15 Makumbo ake imbiru dzamabwe machena
akamiswa pazvigadziko zvegoridhe rakanatswa.
Chimiro chake chakaita seRebhanoni,
chakanakisisa semisidhari yayo.
16 Muromo wake inhapitapi pachayo;
zvirokwazvo akaisvonaka.
Uyu ndiye mudiwa wangu, ndiye shamwari yangu,
imi vanasikana veJerusarema.

# 6

*Shamwari*
1 Ko, mudiwa wako aendepiko,
iwe zvako wakanaka kukunda vamwe vakadzi?

Mudiwa wako aenda nokupiko,
kuti tigomutsvaka pamwe chete newe?
*Mukadzi*
2 Mudiwa wangu adzika kubindu rake,
kumihomba yezvinonhuwirira,
kuti andomema mumapindu
uye agotanha maruva.
3 Ini ndiri womudiwa wangu uye mudiwa wangu ndowangu;
anomema pakati pamaruva.
*Murume*
4 Wakanaka iwe mudiwa wangu, seTiriza,
unoyevedza seJerusarema,
unoremekedzeka samauto ane mireza.
5 Bvisa meso ako pandiri;
anondikunda.
Bvudzi rako rakaita sedanga rembudzi
riri kuburuka muGireadhi.
6 Meno ako akafanana neboka ramakwai
achangobva mukushambidzwa.
Rimwe nerimwe rine rarakafanana naro,
pasina riri roga zvaro.
7 Zvavovo zvako zviri mumumbure wako
zvakaita sezvikamu zviviri zvedamba.
8 Kungava navanamambokadzi makumi matanhatu,
navarongo makumi masere
nemhandara dzisingaverengeki;
9 Asi njiva yangu, iye akakwana wangu,
ndiwe mumwe oga, mwanasikana mumwe oga wamai vake,
iye woga anodikanwa naiye akamubereka.
Mhandara dzakamuona dzikamuti akaropafadzwa.
Vanamambokadzi navarongo vakamurumbidza.
*Shamwari*
10 Ko, ndiani uyo anoratidzika samambakwedza,
akanaka somwedzi, anopenya sezuva,
akanaka senyeredzi dziri mumudungwe?
*Murume*
11 Ndakadzika kusango remiti yemipfura
kundoona zvitsva zvakamera mumupata,
kundoona kana mizambiringa yainge yabukira,
kana kuti mitamba yainge yava namaruva.
12 Ndisati ndambodii,
mwoyo wangu wakandiisa pakati pengoro dzoumambo dzavanhu vangu.
*Shamwari*
13 Dzoka, dzoka iwe muShurami;
dzoka, dzoka kuti timbokuona!
*Mudiwa*
Ko, munodirei kuona muShurami
sezvamunoita mutambo weMahanaimi?

## 7

1 Dzakanaka sei tsoka dzako dzakapfekedzwa shangu,
iwe mwanasikana womuchinda!
Makumbo ako akanakisisa akaita sezvishongo,

basa ramaoko emhizha.
2 Guvhu rako rakatenderera somukombe
unogara uine waini yakasanganiswa zvakanaka.
Chiuno chako murwi wegorosi
wakakomberedzwa namaruva.
3 Mazamu ako akaita setsvana mbiri,
mapatya emhara.
4 Mutsipa wakaita seshongwe yakagadzirwa nenyanga dzenzou.
Meso ako ndiwo madziva eHeshibhoni
pasuo reBhati Rabhimi.
Mhuno yako yakaita seshongwe yeRebhanoni
yakatarisa kudivi reDhamasiko.
5 Musoro wako unokushongedza nekorona seGomo reKarimeri.
Bvudzi rako rakaita sezvirukwa zvomumba mamambo;
mwoyo wamambo wakabatwa nokugadzirwa kwebvudzi rako.
6 Wakanaka uye unofadza sei,
iwe mudiwa nezvinofadza zvako!
7 Chimiro chako chakaita somuti womuchindwe;
uye mazamu ako samasumbu omuchero.
8 Ndakati, "Ndichakwira muchindwi uyu,
ndigobata muchero wawo."
Mazamu ako ngaaite samasumbu omuzambiringa,
munhuwi wokufema kwako uite samaapuro,
9 muromo wako ugoita sewaini yakanakisisa.

*Mukadzi*

Waini ngaiendeswe kumudiwa wangu chaiko,
igoyerera zvinyoronyoro, napamiromo yake nameno ake.
10 Ini ndiri womudiwa wangu,
uye iye anondishuva.
11 Uya, mudiwa wangu, ngatiendei kumunda,
tigozopedza usiku hwose kumaruwa.
12 Ngatimukirei kuminda yemizambiringa
tindoona kana mizambiringa yakabukira,
uye kana maruva awo azaruka,
uye kana mitamba yatumbuka yava namaruva,
ikoko ndiko kwandichakupa rudo rwangu.
13 Miti yemidiwadiwa inopa kunhuhwira kwayo,
uye pamusuo pedu pane zvinonaka zvose,
zvose zvitsva nezvitsaru,
zvandakachengetera iwe, mudiwa wangu.

# 8

1 Dai chete wakanga uri sehanzvadzi kwandiri,
akanwa pamazamu amai vangu!
Ipapo kana ndaikuwana panze,
ndaikutsvoda
uye hapana aizondishora.
2 Ndaizokutora ndouya newe
kumba kwamai vangu,
ivo vakandidzidzisa.
Ndaikupa waini yakaiswa zvinonhuhwira kuti unwe,
nomukume wemitamba yangu.
3 Ruoko rwake rworuboshwe rwuri pasi pomusoro wangu,

uye ruoko rwake rworudyi rwakandimbundikira.
4 Imi vanasikana veJerusarema ndinokurayirai:
Musazunguza kana kumutsa rudo
kusvikira irwo rwada rwoga.

*Shamwari*

5 Ndianiko uyo ari kuuya achibva kurenje
akazendamira pamudiwa wake?

*Mukadzi*

Pasi pomuti womuapuro ndakakumutsa;
ipapo mai vako vakakubereka,
ipapo ivo vairwadziwa vakakubereka.
6 Ndiise pamwoyo pako sechisimbiso,
sechisimbiso paruoko rwako;
nokuti rudo rwakasimba sorufu,
godo rarwo seguva harishanduki.
Runopisa serimi romoto,
somurazvo mukuru kwazvo.
7 Mvura zhinji haigoni kudzima rudo;
nzizi hadzigoni kurukukura.
Kunyange munhu akapa
pfuma yose yemba yake kuti awane rudo,
zvingazvidzwa chose.

*Shamwari*

8 Tine hanzvadzi yedu duku
uye mazamu ake haasati akura.
Tichaitireiko hanzvadzi yedu
pazuva rokukumbirwa kwayo kuti iwanikwe?
9 Kana ari rusvingo,
tichavaka shongwe dzesirivha paari.
Kana ari musuo,
tichamukomberedza namapuranga omusidhari.

*Mukadzi*

10 Ndiri rusvingo,
mazamu angu akaita seshongwe.
Ndizvo zvandava pamberi pake,
somunhu anouyisa kugutsikana.
11 Soromoni aiva nomunda wemizambiringa muBhaari Hamoni;
akapa munda wake wemizambiringa kuvanhu vairima vachimuripira.
Mumwe nomumwe wavo pachibereko chawo
aiuya namashekeri chiuru* esirivha.
12 Asi munda wangu wemizambiringa ndewangu kuti ndiupe;
chiuru chamashekeri esirivha ndechako, iwe Soromoni,
asi mazana maviri† ndeevanochengeta michero yawo.

*Murume*

13 Iwe unogara mumapindu
unoshandirwa neshamwari,
rega ndinzwe inzwi rako!

*Mukadzi*

14 Handei mudiwa wangu,
uite semhara kana setsvana

---

* **8:11** 8:11 makirogiramu angaita 11.5 † **8:12** 8:12 makirogiramu angaita 2.3

pamusoro pamakomo
azere zvinonhuhwira.

# ISAYA

1 Chiratidzo chaIsaya mwanakomana waAmozi, chaakaona pamusoro peJudha neJerusarema pamazuva aUzia naJotamu, naAhazi naHezekia, madzimambo eJudha.

*Rudzi Runomukira*

2 Inzwai imi matenga! Teerera iwe nyika!
Nokuti Jehovha akataura achiti,
"Ndakarera vana ndikavakudza,
asi ivo vakandimukira.
3 Nzombe inoziva vatenzi vayo,
nembongoro inoziva chidyiro chomwene wayo,
asi Israeri haizivi,
vanhu vangu havanzwisisi."
4 Haiwa, rudzi runotadza,
vanhu vakaremerwa nezvakaipa,
vana vavaiti vezvakaipa,
vana vanoita zvakaora!
Vakasiya Jehovha;
vakashora Mutsvene waIsraeri
vakamufuratira.

5 Mucharambireiko muchingorohwa?
Munorambireiko muchimukira Jehovha?
Musoro wenyu wose wakuvadzwa,
mwoyo wenyu wose warwadziwa.
6 Kubvira pasi porutsoka rwako kusvikira panhongonya yomusoro
wako hapana pakukutu,
anongova maronda nokurwadziwa
namavanga akazaruka,
asina kusukwa kana kusungwa
kana kuzorwa mafuta.

7 Nyika yenyu yaparadzwa,
Maguta enyu apiswa nomoto;
minda yenyu iri kutorwa navatorwa
pamberi penyu chaipo,
nyika yaparadzwa sapanoparadza vatorwa.
8 Mwanasikana weZioni asiyiwa sedumba
mumunda wemizambiringa,
seimba mumunda wamanwiwa,
seguta rakakombwa.
9 Dai Jehovha Wamasimba Ose
asina kutisiyira vakapunyuka,
tingadai takafanana neSodhomu,
tingadai takaita seGomora.

10 Inzwai shoko raJehovha,
imi vabati veSodhomu;
teererai kumurayiro waMwari wedu,
imi vanhu veGomora!

11 “Zvibayiro zvenyu zvizhinji,
zvinyiko kwandiri?” ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Zvibayiro zvinopiswa zvawandisa,
zvamakondobwe namafuta ezvipfuwo zvakakodzwa;
Handifadzwi neropa renzombe,
ramakwayana nerembudzi.
12 Pamunouya kuzozviratidza pamberi pangu,
ndianiko akambokukumbirai izvi kwamuri,
naikoku kutsika-tsika pavazhe dzangu?
13 Regai kuuya nezvipiriso zvisina maturo!
Zvinonhuhwira zvenyu zvinondinyangadza.
Nguva dzoKugara kwoMwedzi, maSabata nenguva dzekokorodzano,
handigoni kufarira ungano dzenyu dzakaipa.
14 Mitambo yenyu yoKugara kwoMwedzi nemitambo yenyu yakatsaurwa inovengwa
nomweya wangu.
Zvava mutoro kwandiri;
ndaneta nokuzvitakura.
15 Pamunotambanudza maoko enyu muchinyengetera,
ini ndichakuvanzirai chiso changu;
kunyange mukawanza munyengetero,
handisi kuzokunzwai.
Maoko enyu azere neropa;
16 shambai muzvinatse.
Bvisai mabasa enyu akaipa
pamberi pangu!
Regai kuita zvakaipa,
17 dzidzai kuita zvakarurama.
Tsvakai kururamisira,
kurudzirai vakamanikidzwa.
Dzivirirai nherera,
mukumbirire chirikadzi.

18 “Chiuyai zvino titaurirane,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Kunyange zvivi zvenyu zviri
zvitsvuku zvichachena sechando;
kunyange zviri zvishava somuti mushava,
zvichaita samakushe amakwai.
19 Kana muchida uye muchiteerera
muchadya zvakanakisa zvenyika;
20 asi kana muchiramba uye muchindimukira,
muchaparadzwa nomunondo.”
Nokuti muromo waJehovha wazvitaura.

21 Tarirai guta rakatendeka
rava chifeve sei!
Iro rakanga rizere nokururamisira;
kururama kwaigara mariri,
asi zvino mogara mhondi!
22 Sirivha yako yava nengura,
waini yako yakavhenganiswa nemvura.
23 Machinda ako vapanduki,

ishamwari dzembavha;
vose vanoda fufuro,
uye vanomhanyira zvipo.
Havana hanya nokudzivirira nherera;
mhaka yechirikadzi haiuyiswi pamberi pavo.
24 Naizvozvo Ishe, Jehovha
Wamasimba Ose, Anesimba waIsraeri, anotaura achiti,
"Haiwa, ndichadurura hasha dzangu pamusoro pavadzivisi vangu,
nokuzvitsivira vavengi vangu.
25 Ndichatambanudzira ruoko rwangu kwauri;
ndichapedza chose ngura yako
ndigobvisa kusachena kwako kwose.
26 Ndichadzosera vatongi vako sapamazuva akare,
namakurukota ako sapamazuva okutanga.
Shure kwaizvozvo uchanzi
Guta Rokururama,
Guta Rakatendeka."

27 Zioni richadzikinurwa nokururamiswa,
navanotendeuka varo, nokururama.
28 Asi vapanduki navatadzi vachaparadzwa vose,
uye vose vanosiya Jehovha vachaparara.

29 "Nokuti muchanyadziswa nokuda kwemiti yomuouki yamunoeresa,
yamunofadzwa nayo;
muchanyadziswa nokuda kwamapindu
amakasarudza.
30 Muchafanana nomuouki wasvava mashizha,
sebindu risina mvura.
31 Murume ane simba achava serwodzi
nebasa rake sesasaradzi;
zvose zvichatsva pamwe chete,
pasina achadzima moto."

# 2

*Gomo raJehovha*

1 Izvi ndizvo zvakaonekwa naIsaya mwanakomana waAmozi, pamusoro
peJudha neJerusarema:

2 Mumazuva okupedzisira,
gomo retemberi yaJehovha richasimbiswa,
richava guru pakati pamakomo;
richakwiridzirwa pamusoro pezvikomo,
uye ndudzi dzose dzichamhanyira kwariri.

3 Ndudzi zhinji dzichauya dzichiti,
"Uyai ngatiendei kugomo raJehovha,
kuimba yaMwari waJakobho
Iye achatidzidzisa nzira dzake,
kuitira kuti tigofamba mumakwara ake."
Nokuti murayiro uchabva paZioni,
shoko raJehovha richabva kuJerusarema.
4 Achatonga pakati pendudzi
uye achapedza gakava pakati pamarudzi mazhinji.

Vachapfura minondo yavo vagoiita miromo yamagejo,
namapfumo avo vagoaita mapanga okuchekerera miti nawo.
Rudzi rumwe harungazosimudziri munondo kuno rumwe rudzi,
kana kuzodzidzirazve kurwa.
5 Uyai, imi imba yaJakobho,
ngatifambei muchiedza chaJehovha.

*Zuva raJehovha*

6 Nokuti makasiya vanhu venyu,
ivo imba yaJakobho.
Vakazara nezvinamato zvokuMabvazuva;
vanoita zvokuvuka kufanana navaFiristia,
vachibatana maoko nevedzimwe ndudzi.
7 Nyika yavo izere nesirivha negoridhe;
pfuma yavo haiperi.
Nyika yavo izere namabhiza;
ngoro dzavo hadziperi.
8 Nyika yavo izere nezvifananidzo;
vanopfugamira mabasa amaoko avo,
kuzvinhu zvakaitwa neminwe yavo.
9 Naizvozvo munhu achaderedzwa
uye marudzi avanhu achaninipiswa,
musavakanganwira.

10 Pinda mumapako,
uvande muguruva,
ubve mukutyisa kwaJehovha
nokubwinya kwoumambo hwake!
11 Meso omunhu anozvikudza achaninipiswa,
uye kuzvikudza kwavanhu kuchaderedzwa;
asi Jehovha oga ndiye achakudzwa pazuva iro.

12 Nokuti Jehovha Wamasimba Ose
ane zuva raakachengetera avo vose
vanozvikudza navanodada,
navose vanokudzwa (uye vachaninipiswa),
13 nemisidhari yose yeRebhanoni, yakareba neyakakwirira,
nemiouki yose yeBhashani,
14 namakomo ose akakwirira,
nezvikomo zvose zvakakwirira,
15 neshongwe dzose dzakakwirira,
namasvingo ose akasimba,
16 nezvikepe zvose zveTashishi,
nemidziyo yose yakanaka.
17 Kuzvikudza kwomunhu kuchaderedzwa,
uye kuzvikudza kwavanhu kuchaninipiswa;
Jehovha oga ndiye achakudzwa pazuva iro,
18 uye zvifananidzo zvichapera zvachose.

19 Vanhu vachatizira kumapako amatombo,
nokumwena yapasi
nokuda kwaJehovha anotyisa,
uye nokubwinya kwoumambo hwake,

paanosimuka achizungunutsa nyika.
20 Pazuva iro vanhu vacharasira
kumakonzo nokuzviremwaremwa,
zvifananidzo zvavo zvesirivha nezvifananidzo zvegoridhe,
zvavakaita kuti vazvinamate.
21 Vachatizira kumapako amatombo
nokumikaha yakarembera,
nokuda kwokutya Jehovha,
uye nokubwinya kwoumambo hwake,
paanosimuka kuti azungunutse nyika.

22 Regai kuvimba nomunhu,
anongova nokufema mumhino dzake.
Anobatsireiko?

# 3

*Kutongwa kweJerusarema neJudha*

1 Tarirai zvino, Ishe Jehovha
Wamasimba Ose
ava kuda kutora zvose rutsigiro nomudonzvo,
kubva kuJerusarema neJudha;
rutsigiro rwose rwezvokudya norutsigiro rwose rwemvura,
2 mhare nomurwi,
mutongi nomuprofita,
muvuki nomukuru,
3 mukuru wamakumi mashanu nomunhu anokudzwa,
gurukota nomurume weumhizha, nomuvuki anoziva.
4 Ndichaita kuti majaya ave vabati vavo;
vana vadiki ndivo vachavatonga.
5 Vanhu vachadzvinyirirana,
munhu nomunhu, muvakidzani nomuvakidzani.
Vadiki vachamukira vakuru,
nounozvidza achamukira anokudzwa.

6 Murume achabata mumwe wavanun'una vake
paimba yababa vake achiti,
"Ndiwe une nguo, chiva mutungamiri wedu;
iva mutariri wedutu roungwandangwanda uhu!"
7 Asi pazuva iro achadanidzira achiti,
"Handigoni kugadzirisa zvinhu.
Handina chokudya kana chokufuka mumba mangu;
musandiita mutungamiri wavanhu."

8 Jerusarema rozungunuka,
Judha riri kuwa;
mashoko avo nezviito zvavo zvinopesana naJehovha,
vachizvidza kuvapo kwake kunobwinya.
9 Zvinoonekwa pazviso zvavo zvinovapupurira;
vanoburitsa chivi chavo pachena seSodhomu;
havambochivanzi.
Vane nhamo!
Vanouyisa njodzi pamusoro pavo.

10 Udzai vakarurama kuti zvichavanakira,
nokuti vachanakirwa nezvibereko zvamabasa avo.
11 Vane nhamo vakaipa! Njodzi yava kuda kuvawira!
Vacharipirwa zvakabatwa namaoko avo.

12 Vadiki vanomanikidza vanhu vangu,
vakadzi vanovatonga.
Haiwa, vanhu vangu, vatungamiri venyu vanokutsausai;
vanokubvisai munzira.

13 Jehovha anotora nzvimbo yake muimba yokutonga;
anosimuka kuti atonge vanhu.
14 Jehovha anopinda mukutonga vakuru
navatungamiri vavanhu vake achiti,
"Ndimi makaparadza munda wangu womuzambiringa;
zvakapambwa zvinobva kuvarombo zviri mudzimba dzenyu.
15 Munoreveiko zvamunopwanya vanhu vangu,
uye muchikuya zviso zvavarombo?"
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha Wamasimba Ose.

16 Jehovha anoti,
"Vakadzi veZioni vanozvikudza,
vanofamba vakamisa mitsipa yavo.
Vachichonya nameso avo,
uye vanofamba vachinzenzeta,
vaine zvishongo zvinorira muzviziso zvamakumbo avo.
17 Naizvozvo Jehovha achauyisa maronda pamisoro yavakadzi veZioni;
Jehovha achaitisa misoro yavo mhanza."
18 Pazuva iro Jehovha achabvisa pazviziso zvamakumbo avo:
mabhenguro, nezvishongo zvomusoro, neungetani hwomutsipa
hunon'aima, 19 nemhete dzenzeve, nezvingetani zvomumaoko,
namavhoiri 20 nezvishongo zvebvudzi, nezvingetani zvomuzviziso
zvamakumbo, nemasikavha, namabhodhoro amafuta anonhuhwira,
namazango, 21 nemhete, noukomba hwemhino, 22 nenguo dzakanaka
dzomutambo, nezvijasi, namakepesi namajasi nezvikwama,
23 nezvionioni, nenguo dzomucheka wakaisvonaka, nezvishongo
namashaweri.
24 Pachinzvimbo chezvinonhuhwira, pachava nokunhuhwa;
pachinzvimbo chesikavha, pachava netambo;
pachinzvimbo chebvudzi rakashongedzwa zvakanaka,
pachava nemhanza; pachinzvimbo chembatya dzakaisvonaka,
pachava nechipfeko chesaga;
pachinzvimbo chorunako, pachava nokupiswa.
25 Varume venyu vachafa nomunondo,
varwi venyu vachafa muhondo.
26 Masuo eZioni achachema uye achaungudza;
nokutambura kwaro, richagara pasi.

# 4

1 Pazuva iro vakadzi
vanomwe vachabata murume mumwe vagoti,
"Tichadya zvokudya zvedu

uye tichazvitsvakira zvokufuka.
Tinongoda kudanwa nezita rako bedzi.
Bvisa kunyadziswa kwedu!”

*Davi raJehovha*

2 Pazuva iro, davi raJehovha richava rakanaka uye richabwinya,
uye zvibereko zvenyika zvichava chidadiso nokukudzwa kwavakapun-
yuka muIsraeri. 3 Vaya vakasara muZioni, navakasara muJerusarema,
vachanzi vatsvene, navose vakanyorwa pakati pavapenyu muJerusarema.
4 Jehovha achashambidza tsvina yevakadzi veZioni; achanatsa makwapa
eropa kubva muJerusarema nomweya wokutonga uye nomweya womoto.
5 Ipapo Jehovha achasika pamusoro pegomo rose reZioni napamusoro
pavose vanoungana ikoko gore routsi masikati nezhenje romoto unopfuta
usiku; pamusoro pokubwinya kwose pachava nechidzitiro. 6 Chichava
chifukidzo nomumvuri kubva pakupisa kwezuva, noutiziro, nenzvimbo
yokuvanda kubva padutu nemvura inonaya.

# 5

*Rwiyo rwoMunda weMizambiringa*

1 Ndichaimbira mudiwa wangu
rwiyo pamusoro pomunda wake wemizambiringa:
Mudiwa wangu akanga ane munda wake wemizambiringa,
pachikomo chakaorera.
2 Akautimbira akabvisa mabwe
akasimamo mazambiringa akaisvonaka.
Akavaka shongwe mukati mawo
uye akauchererawo chisviniro chewaini.
Ipapo akatarisa kuti awane zvibereko zvamazambiringa akanaka,
asi iwo wakangobereka muchero wakaipa chete.
3 “Zvino imi vagari vomuJerusarema nemi varume veJudha,
chitongai pakati pangu nomunda wemizambiringa wangu.
4 Chiiko chimwezve chaifanira kuitirwa munda wangu
wemizambiringa chandisina kuuitira?
Pandakatsvaka mazambiringa akanaka,
wakagoberekerei akaipa oga?
5 Zvino ndichakuudzai
zvandichaitira munda wangu wemizambiringa:
Ndichabvisa ruzhowa rwawo,
ugoparadzwa;
ndichaputsa rusvingo rwawo,
ugochatsikwa-tsikwa.
6 Ndichauita nzvimbo yamarara,
hauzochekererwi kana kusakurirwa,
uye minzwa norukato zvichakuramo.
Ndicharayira makore kuti
arege kunayisa mvura pamusoro pawo.”

7 Munda womuzambiringa waJehovha Wamasimba Ose
ndiwo imba yaIsraeri,
uye varume veJudha
ndivo bindu rake rinomufadza.
Zvino akatarisira kururamisira asi akaona kuteuka kweropa;

akatsvaka kururuma, asi akanzwa kuchema kwokutambudzika.

*Nhamo noKutongwa*

8 Mune nhamo imi munowedzera dzimba nedzimba
uye munobatanidza munda nomunda,
kusvikira pasisina nzvimbo yasara,
mugogara moga munyika.
9 Jehovha Wamasimba Ose akataura ndichinzwa akati,
"Zvirokwazvo dzimba zhinji dzichava matongo,
dzimba huru dzakanaka dzichashaya vanogaramo.
10 Maeka gumi omunda wemizambiringa achabereka bhati rimwe chete*
rewaini,
uye homeri† rembeu richabereka efa‡ imwe chete rezviyo."

11 Vane nhamo avo vanomuka mangwanani
kuti vatsvake doro rinodhaka,
vanogara kusvikira usiku,
kusvikira vapengeswa newaini.
12 Vanenge vane rudimbwa,
nemitengeranwa pamabiko avo,
namatambureni, nenyere newaini,
asi havana hanya namabasa aJehovha, havana rukudzo nebasa
ramaoko ake.
13 Naizvozvo vanhu vangu vachapinda muutapwa,
nokuda kwokushayiwa zivo;
vanokudzwa vavo vachafa nenzara,
uye vazhinji vavo vachafa nenyota.
14 Naizvozvo gehena rakawedzera kukara kwaro,
uye rakazarura muromo waro zvinodarika mwero;
mariri muchaburukira vanokudzwa vavo nevoruzhinji,
navose vanokakavara vavo navanofara vavo.
15 Naizvozvo munhuwo zvake achadzikiswa,
marudzi avanhu achaninipiswa,
nameso avanozvikudza achaninipiswa.
16 Asi Jehovha Wamasimba Ose achakudzwa, nokuda kwokururamisira
kwake, uye Mwari,
mutsvene achazviratidza pachake kuti mutsvene, mukururama
kwake.
17 Ipapo makwai achafura saari mumafuro awo;
makwayana achadya pakati pamatongo avapfumi.

18 Vane nhamo avo vanokweva chivi nerwodzi rwokunyengera,
uye zvakaipa sezvinenge mabote engoro,
19 uye nevanoti, "Mwari ngaakurumidze,
ngaachimbidzike nebasa
rake kuti tirione.
Ngarisvike,
urongwa hwoMutsvene waIsraeri ngahuuye,
kuti tihuzive."

20 Vane nhamo avo vanoti zvakaipa

---

* **5:10** 5:10 marita angaita 22 † **5:10** 5:10 marita angaita 220 ‡ **5:10** 5:10 marita angaita 22

ndizvo zvakanaka,
uye zvakanaka ndizvo zvakaipa,
vanoisa rima panzvimbo yechiedza nechiedza panzvimbo yerima,
vanoisa zvinovava panzvimbo yezvinotapira,
nezvinotapira panzvimbo yezvinovava.

21 Vane nhamo avo vanoti vakachenjera pameso avo,
uye vakangwara pakuona kwavo.

22 Vane nhamo avo vanova mhare pakunwa waini,
uye shasha pakuvhenganisa zvokunwa zvinodhaka,
23 vanopembedza ane mhosva nokuda kwefufuro,
asi vanoramba kururamisira vasina mhosva.
24 Naizvozvo, samarimi omoto anonanzva mashanga,
uye souswa hwakaoma hunomedzwa nemirazvo yemoto,
naizvozvo midzi yavo ichaora
uye maruva avo achapeperetswa seguruva;
nokuti vakaramba murayiro waJehovha Wamasimba Ose,
uye vakazvidza shoko roMutsvene waIsraeri.
25 Naizvozvo kutsamwa kwaJehovha kwopfuta pamusoro pavanhu vake;
ruoko rwake rwasimudzwa uye anovarovera pasi.
Makomo anozungunuka,
uye mitumbi yavakafa yaita samarara mumigwagwa.

Kunyange zvakadaro nokuda kwezvose izvi,
kutsamwa kwake hakuna kudzorwa, ruoko rwake rwaramba rwakasimudzwa.

26 Anosimudzira ndudzi dziri kure mureza,
anoridzira muridzo kuna avo vari kumigumo yenyika.
Havo vouya, nokukurumidza
uye nokuchimbidzika!
27 Hapana kana mumwe wavo anoneta kana kugumburwa,
hapana kana mumwe wavo achakotsira kana kuvata;
hapana kana bhanhire richasunungurwa pachiuno,
hapana kana rukanda rweshangu ruchadambuka.
28 Miseve yavo inopinza,
uta hwavo hwose hwakakungwa;
mahwanda amabhiza avo anenge omusarasara,
mavhiri engoro dzavo akaita sechamupupuri.
29 Kuomba kwavo kwakaita sokweshumba,
vanoomba kufanana neshumba diki;
vanodzvova pavanobata mhuka yavo
vagoitakura pasina kana angairwira.
30 Pazuva iro vachaomba pamusoro payo,
sokutinhira kwegungwa.
Uye kana mumwe akatarisa panyika,
achaona rima nokutambudzika;
kunyange chiedza chichasvibiswa namakore.

# 6

*Kutumwa kwaIsaya*

[1] Mugore rakafa Mambo Uziya, ndakaona Ishe agere pachigaro choushe,
chirefu chakakwirira uye mupendero wenguo dzake wakazadza temberi.
[2] Kumusoro kwake kwaiva neserafimi, imwe neimwe yaiva namapapiro
matanhatu: namapapiro maviri, dzakafukidza uso hwadzo, namaviri
dzakafukidza makumbo adzo, uye namaviri dzakanga dzichibhururuka.
[3] Zvino imwe yaidanidzira kune imwe ichiti:

"Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Jehovha Wamasimba Ose;
nyika yose izere nokubwinya kwake."

[4] Nokutinhira kwamanzwi adzo, nheyo dzezvikumbaridzo dzakazun-
gunuka uye temberi yakazadzwa noutsi.

[5] Ipapo ndakachema ndichiti, "Ndine nhamo! Ndaparara! Nokuti ndiri munhu ane miromo ine tsvina uye ndigere pakati pavanhu vane miromo ine tsvina uye meso angu aona Mambo, Jehovha Wamasimba Ose."

[6] Ipapo imwe yesarafimi yakabhururukira kwandiri ine zimbe ro-
moto muruoko rwayo, rayakanga yatora nembato kubva paaritari.
[7] Yakagunzva muromo wangu naro ikati, "Tarira, zimbe iri ragunzva
miromo yako; mhosva yako yabviswa uye chivi chako chadzikinurwa."

[8] Ipapo ndakanzwa inzwi raJehovha richiti, "Ndiani wandichatuma? Uye ndiani achatiendera?"

Ini ndakati, "Ndiri pano! Nditumei!"

[9] Iye akati, "Enda undoudza vanhu ava uti,

" 'Munogara muchinzwa, asi hamumbonzwisisi;
munogara muchiona, asi hamuonesesi.'

[10] Ita kuti mwoyo yavanhu ava isindimare;
ita kuti nzeve dzavo dzisanzwisise
uye vatsinzine meso avo.
Nokuti vangaona nameso avo,
nokunzwa nenzeve dzavo,
vakanzwisisa nemwoyo yavo,
vakadzoka vakaporeswa."

[11] Ipapo ndakati, "Haiwa, Ishe, kusvikira riniko?"

Iye akapindura achiti,

"Kusvikira maguta ava matongo
uye pasisina anogaramo,
kusvikira dzimba dzasiyiwa dzisina vanhu,
neminda yaparadzwa zvachose,
[12] kusvikira Jehovha adzingira vanhu kure,
uye nyika yasiyiwa zvachose.
[13] Uye kunyange kukasara chegumi munyika,
naichowo chichaparadzwa.
Asi somuterabhiniti nomuouki
zvichasarara zvava zvigutsa pazvinotemwa,
saizvozvo rudzi rutsvene ruchavawo sechigutsa munyika."

# 7

*Chiratidzo chaImanueri*

[1] Zvino Ahazi mwanakomana waJotamu, mwanakomana waUzia, paakanga ari mambo weJudha, Mambo Rezini weAramu naPeka mwanakomana waRamaria mambo weIsraeri vakauya kuzorwa ne-Jerusarema, asi havana kugona kurikunda.

[2] Zvino imba yaDhavhidhi yakaudzwa kuti, "Aramu yabatana neE-
furemu;" saka mwoyo waAhazi nemwoyo yavanhu vake yakazun-
gunuswa, sokuzungunuswa kunoitwa miti yesango nemhepo.

[3] Ipapo Jehovha akati kuna Isaya, "Buda, iwe nomwanakomana wako
Sheari-Jashubhi, unosangana naAhazi kumucheto womugero weDziva
Rokumusoro, mumugwagwa unoenda kuMunda woMusuki. [4] Uti kwaari,
'Chenjera, dzikama hako, uye usatya. Usaora mwoyo nokuda kwamatsiga
maviri ehuni, nokuda kwokutsamwa kunotyisa kwaRezini naAramu uye
nekwomwanakomana waRemaria. [5] Aramu naEfuremu nomwanako-
mana waRemaria vakarangana kukuparadza vachiti, [6] "Handei tindorwa
neJudha; ngatiribvarurei tigorigovana pakati pedu, tigogadza Tabheeri
kuti ave mambo pamusoro paro." [7] Asi zvanzi naIshe Jehovha:

" 'Izvi hazvingamiri, hazvingaitiki,
nokuti musoro weAramu iDhamasiko,
[8] uye musoro weDhamasiko
iRezini bedzi.
Makore makumi matanhatu namashanu asati apera,
vaEfuremu vachaputswa-putswa zvokusazova rudzizve.
[9] Musoro weEfuremu iSamaria,
uye musoro weSamaria mwanakomana waRamaria bedzi.
Kana usingamiri zvakasimba mukutenda kwako,
hauchazomiri zvachose.' "

[10] Jehovha akataurazve kuna Ahazi akati, [11] "Kumbira chiratidzo kuna
Jehovha Mwari wako, kunyange pakadzikadzika kana pamusoro-soro."

[12] Asi Ahazi akati, "Handizokumbiri; handingaedzi Jehovha."

[13] Ipapo Isaya akati, "Inzwai zvino, imi imba yaDhavhidhi! Hazv-
ina kuringana here kuedza mwoyo murefu wavanhu? Ko, imi
muchaedzawo mwoyo murefu waMwari wangu here? [14] Naizvozvo
Jehovha pachake achakupai chiratidzo: Mhandara ichava nemimba uye
ichabereka mwanakomana igomutumidza kuti Imanueri. [15] Iye achadya
ruomba nouchi paachaziva zvakakwana kuti arambe zvakaipa achis-
arudza zvakarurama. [16] Asi mwana asati anyatsoziva kuramba zvakaipa
nokusarudza zvakanaka, nyika yamadzimambo maviri aunotya ichava
dongo. [17] Jehovha achauyisa pamusoro pako napamusoro pavanhu vako
napamusoro peimba yababa vako nguva isina kumbovapo kubva nguva
iya yaakazvipatsanura kubva kuna Judha, achauyisa mambo weAsiria."

[18] Pazuva iroro Jehovha acharidzira muridzo kunhunzi dzichibva
kuhova dziri kure dzeIjipiti nokunyuchi dzichibva kunyika yeAsiria.
[19] Dzichauya dzose dzigogara mumawere emipata nomumikaha yam-
atombo, nomumakwenzi ose eminzwa uye napamadziva ose. [20] Pazuva
iro Jehovha achashandisa chisvo chakakumbirwa kubva mhiri kwoRwizi,
kuna mambo weAsiria, kuti aveure misoro yenyu nemvere dzomu-
makumbo enyu, uye kuti abvisewo ndebvu dzenyu. [21] Pazuva iro,
murume achapfuwa mhou duku imwe chete nembudzi mbiri. [22] Uye
nokuda kwokuwanda kwomukaka wadzinopa, achadya ruomba. Vose
vachasara munyika vachadya ruomba nouchi. [23] Pazuva iro munzvimbo
imwe neimwe maimbova nemizambiringa inokwana chiuru yaitengwa
namashekeri anokwana chiuru* esirivha, pachazova norukato neminzwa
chete. [24] Varume vachaendako neuta nemiseve, nokuti nyika ichange

* **7:23** 7:23 makirogiramu angaita 11.5

yafukidzwa norukato neminzwa. 25 Kana zviri zvikomo zvose zvaichim-
bosakurirwa nebadza, hakuna achada kuendako nokuda kwokutya rukato
neminzwa; dzichava nzvimbo dzokusundira mombe nokunomhanyirwa
namakwai.

# 8

*Asiria, Shamhu yaJehovha*

1 Jehovha akati kwandiri, "Tora bhuku guru unyore pamusoro paro
nechinyoreso: pamusoro paMaheri-Sharari-Hashi-Bhazi. 2 Ndichadana
Uriya muprista naZekaria mwanakomana waJebherekia sezvapupu zvaka-
tendeka kwandiri."
3 Ipapo ndakaenda kumuprofitakadzi, akatora pamuviri akabereka
mwanakomana. Zvino Jehovha akati kwandiri, "Mutumidze kuti Maheri-
Sharari-Hashi-Bhazi; 4 nokuti mwana asati aziva kuti, 'Baba vangu'
kana kuti, 'Mai vangu,' pfuma yeDhamasiko nezvakapambwa zveSamaria
zvichatakurwa namambo weAsiria."
5 Jehovha akataurazve kwandiri akati,
6 "Nokuti vanhu ava vakaramba
mvura inoyerera zvinyoronyoro yeShiroa,
uye vanofarira Rezini
nomwanakomana waRemaria,
7 naizvozvo Jehovha ava kuda kuuyisa pamusoro pavo
mafashamu makuru oRwizi,
mambo weAsiria nokukudzwa kwake kwose.
Ruchapfachukira hova dzarwo dzose,
uye rugopfachukira kumahombekombe arwo ose,
8 ruchakukura kusvikira kuJudha,
ruchipafuma nomukati mayo, rugopfuura nomairi ruchisvika
muhuro.
Kutandavara kwamapapiro arwo kuchafukidza upamhi hwenyika yako,
iwe Imanueri!"

9 Ridzai mhere yehondo, imi ndudzi, mugoputswa-putswa!
Teererai, imi nyika dzose dziri kure.
Gadzirirai kurwa,
mugoputswa-putswa!
10 Gadzirirai urongwa hwenyu, asi huchakona;
Taurai zvourongwa hwenyu, asi hauzomiri,
nokuti Mwari anesu.

*Ityai Mwari*

11 Jehovha akataura kwandiri ruoko rwake rune simba rwuri pamusoro
pangu, achindiyambira kuti ndirege kutevera nzira yavanhu ava, akati:
12 "Musati irangano zvinhu zvose
zvinonzi navanhu ava irangano;
musatya zvavanotya,
musazvivhunduka.
13 Jehovha Wamasimba Ose ndiye wamunofanira kuita mutsvene,
ndiye wamunofanira kuvhunduka,
14 ndiye achava nzvimbo tsvene;
asi padzimba dzose dzaIsraeri
achava dombo rinoita kuti vanhu vagumburwe;
nedombo rinoita kuti vapunzike.

Uye kuvanhu veJerusarema
iye achava musungo norugombe.
15 Vazhinji vavo vachagumburwa;
vachawa vagovhunika,
vachateyiwa vagobatwa."

16 Sungai chipupuriro
mugosimbisa murayiro pakati pavadzidzi vangu.
17 Ndichamirira Jehovha,
iye ari kuvanzira imba yaJakobho chiso chake.
Ndichaisa ruvimbo rwangu maari.
18 Ndiri pano, navana vandakapiwa naJehovha. Tiri zviratidzo ne-
mifananidzo muIsraeri inobva kuna Jehovha Wamasimba Ose paGomo
reZioni.
19 Kana vanhu vachiti kwamuri bvunzai masvikiro navavuki,
vanozevezera nokunguruma, ko, vanhu havangabvunzi kuna Mwari
wavo here? Munobvunzirei vakafa pamusoro pavapenyu? 20 Endai
kumurayiro nokuzvipupuriro! Kana vasingatauri maererano neshoko iri
havana chiedza chamambakwedza. 21 Vatambudzika, vava vane nzara
vachafamba-famba nenyika; pavachatambudzika vachava neshungu, uye
vachatarira kudenga, vagotuka mambo wavo naMwari wavo. 22 Ipapo
vachatarira pasi vagoona nhamo chete nerima nokusafara kunotyisa, uye
vachakandirwa kurima guru.

# 9

*Isu tazvarirwa Mwana*

1 Kunyange zvakadaro, hakuchazovazve nerima kuna avo vakanga vari
munhamo. Pamazuva akare akaninipisa nyika yeZebhuruni nenyika
yeNafutari, asi panguva inouya achakudza Garirea reveDzimwe Ndudzi,
nenzira yokugungwa mhiri kwaJorodhani.
2 Vanhu vaifamba murima
vakaona chiedza chikuru;
avo vaigara munyika yomumvuri worufu,
chiedza chakavavhenekera.
3 Makakurisa rudzi mukawedzera mufaro wavo;
vanofara pamberi penyu
savanhu vanofara
panguva yokukohwa,
sokufara kwavarume,
kana vachigoverana zvakapambwa.
4 Nokuti sapamazuva okukundwa kwavaMidhia,
vamakaparadzira
joko raivaremera,
nedanda raichinjika mafudzi avo,
iyo tsvimbo yavamanikidzi vavo.
5 Shangu imwe neimwe yomurwi yakashandiswa muhondo,
nenguo imwe neimwe yakaumburudzwa muropa,
zvichapiswa,
zvichava huni dzomoto.
6 Nokuti takazvarirwa mwana,
takapiwa mwanakomana,
uye umambo huchava pamapfudzi ake.

Uye achanzi Gota Rinoshamisa,
Mwari Ane Simba,
Baba Vokusingaperi, Muchinda woRugare.
7 Kukura kwoumambo hwake nekworugare rwake
hazvizovi namagumo.
Achatonga pachigaro choushe chaDhavhidhi
napamusoro poumambo hwake,
achihusimbisa nokuhutsigira,
nokururamisira uye nokururama,
kubva panguva iyoyo kusvikira nokusingaperi.
Kushingaira kwaJehovha Wamasimba Ose
kuchazviita.

### *Kutsamwa kwaJehovha pamusoro peIsraeri*

8 Jehovha akatuma shoko pamusoro paJakobho;
richawira pamusoro paIsraeri.
9 Vanhu vose vachariziva,
Efuremu navagari vomuSamaria,
ivo vanoti nokuzvikudza kwavo
uye namanyawi emwoyo,
10 "Zvidhinha zvakoromokera pasi,
asi tichavakazve namatombo;
mionde yatemerwa pasi,
asi tichaitsiva nemisidhari."
11 Asi Jehovha akamutsira Rezini vadzivisi
akakurudzira vavengi vavo.
12 VaAramu vachibva nokumabvazuva navaFiristia vachibva
nokumavirira vakapedza vaIsraeri nomuromo wakashama.

Kunyange zvakadaro, kutsamwa kwake hakuna kudzorwa,
asi ruoko rwake ruchatongotambanudzwa.

13 Asi vanhu havana kutendeukira kuna iye akavarova,
kana kutsvaka Jehovha Wamasimba Ose.
14 Naizvozvo Jehovha achadimura vaIsraeri vose musoro nomuswe,
zvose davi romuchindwe norutsanga pazuva rimwe;
15 vakuru navarume vanokudzwa ndivo musoro,
vaprofita vanodzidzisa nhema ndivo muswe.
16 Vanotungamirira vanhu ava vanovatsausa,
navose vanotungamirirwa vanotsauswa.
17 Naizvozvo Jehovha haachazofariri majaya,
kana kuva netsitsi nenherera nechirikadzi,
nokuti mumwe nomumwe wavo haana umwari uye akaipa,
muromo mumwe nomumwe unotaura zvoupenzi.

Kunyange zvakadaro, kutsamwa kwake hakuna kudzorwa,
ruoko rwake ruchakangosimudzwa.

18 Zvirokwazvo zvakaipa zvinopfuta somoto;
unopisa rukato neminzwa,
unopisa matenhere edondo zvokuti unokwira
kudenga mushongwe youtsi.
19 Kubudikidza nokutsamwa kwaJehovha Wamasimba Ose

nyika ichapiswa kwazvo
uye vanhu vachava huni dzomoto;
hapana achaponesa hama yake.
20 Kurudyi vachadya
asi vacharamba vane nzara;
kuruboshwe,
vachadya asi havangaguti.
Mumwe nomumwe achadya nyama yomwana wake.
21 Manase achadya Efuremu uye Efuremu achadya Manase;
pamwe chete vachamukira Judha.

Kunyange zvakadaro, kutsamwa kwake hakuna kudzorwa,
ruoko rwake ruchakangosimudzwa.

# 10

1 Vane nhamo vanodzika mitemo isina kururama,
neavo vanopa mitemo inodzvinyirira,
2 kuti vadzivise varombo kodzero dzavo
uye vadzivise kururamisirwa kwavakadzvinyirirwa vavanhu vangu,
vachipamba chirikadzi
uye vachibira nherera.
3 Muchaita sei pazuva rokutongwa,
njodzi painouya ichibva kure?
Muchatizira kuna aniko kuti mubatsirwe?
Upfumi hwenyu muchahusiyepiko?
4 Hapana chichasara asi kungokotama pakati penhapwa,
kana kuwira pakati pavakaurayiwa.
Kunyange zvakadaro, kutsamwa kwake hakuna kudzorwa,
ruoko rwake ruchakangosimudzwa.

*Kutonga kwaMwari pamusoro peAsiria*

5 "Une nhamo iwe Asiria, shamhu yokutsamwa kwangu,
iye akabata tsvimbo yehasha dzangu mumaoko ake!
6 Ndiri kumutuma kurudzi rusina Mwari,
ndinomutuma kuvanhu vanonditsamwisa,
kundokomba nokutora nokubvuta zvakapambwa,
nokuvatsikirira pasi sedope riri mumigwagwa.
7 Asi izvi handizvo zvaanoda,
izvi handizvo zvaanga achifunga;
vavariro yake ndeyokuparadza,
kupedza chose marudzi mazhinji.
8 Anoti, 'Ko, machinda angu haazi madzimambo ose here?
9 Karino harina kuita sezvakaita Karikemishi here?
Ko, Hamati harina kufanana neAripadhi,
uye Samaria harina kufanana neDhamasiko here?
10 Ruoko rwangu sezvarwakatora umambo hwezvifananidzo,
umambo hune zvifananidzo zvakakunda zveJerusarema neSamaria,
11 ko, handichaitiri Jerusarema nezvifananidzo zvaro
sezvandakaitira Samaria nezvifananidzo zvayo here?' "
12 Kana Ishe achinge apedza basa rake rose pamusoro peGomo
reZioni neJerusarema, achazoti, "Ndicharanga mambo weAsiria nokuda

kwokuzvikudza kwomwoyo wake namanyawi emeso ake. 13 Nokuti iye anoti,
“ ‘Nesimba ramaoko angu ndakaita izvi,
uye nouchenjeri hwangu, nokuti ndinonzwisisa.
Ndakabvisa miganhu yendudzi,
ndikapamba pfuma yavo;
semhare ndakakunda madzimambo avo.
14 Sezvinoita munhu anosvasvavira mudendere,
saizvozvo ruoko rwangu rwakananavira pfuma yamarudzi;
savarume vanounganidza mazai akasiyiwa,
saizvozvo ndakaunganidza nyika dzose;
hakuna yakapfakanyisa bapiro,
kana kushamisa muromo wayo kuti irire.’ ”

15 Ko, demo ringazvirumbidza kupfuura iye anoritemesa here?
Kana jeko ringazvirumbidza pamusoro pounorishandisa here?
Zvinozoita sokunge tsvimbo inosimudza uyo anoitakura,
kana mudonzvo kusimudza uyo asati ari huni!
16 Naizvozvo, Ishe Jehovha Wamasimba Ose,
achatumira denda rinoonza pamusoro pavarwi vakafuta;
pasi pokubwinya kwake moto uchatungidzwa
kufanana nemirazvo inopfuta.
17 Chiedza chaIsraeri chichava moto,
noMutsvene wavo murazvo womoto;
muzuva rimwe chete uchapfuta
ugopedza minzwa yake norukato rwake.
18 Kubwinya kwamasango ake neminda yake
yakaorera kuchaparadzwa chose,
kufanana nomurwere anoramba achipera.
19 Uye miti yakasara yamasango ake ichava mishoma kwazvo,
zvokuti mwana angagona kuinyora pasi.

### *Vakasara veIsraeri*

20 Pazuva iro vakasara veIsraeri,
vakapunyuka veimba yaJakobho,
havachazovimbi naye iye akavarova,
asi zvirokwazvo vachavimba naJehovha, Mutsvene waIsraeri.
21 Vakasara vachadzokera, vakasara vaJakobho,
vachadzokera kuna Mwari Ane Simba.
22 Kunyange vanhu vako, iwe Israeri, vakaita sejecha regungwa,
vachasara chete ndivo vachadzokera.
Kuparadzwa kwakatotemwa,
kuzere nokururama.
23 Ishe, Jehovha Wamasimba Ose
achapedzisa kuparadzwa kwakatemerwa nyika yose.
24 Naizvozvo zvanzi naIshe, Jehovha Wamasimba Ose:
“Haiwa, vanhu vangu vanogara muZioni,
musatya vaAsiria,
vanokurovai nomudonzvo nokukusimudzirai tsvimbo,
sezvakaitwa neIjipiti.
25 Nokuti nenguva duku duku kutsamwa kwangu pamusoro penyu kuchapera,
uye hasha dzangu dzichanangana nokuparadzwa kwavo.”

26 Jehovha Wamasimba Ose achavarova netyava,
samarovero aakaita vaMidhia padombo reOrebhi,
uye achasimudza tsvimbo yake pamusoro pemvura zhinji,
sezvaakaita muIjipiti.
27 Pazuva iro mitoro yavo ichabviswa pamapfudzi enyu,
nejoko ravo pamitsipa yenyu;
joko richavhuniwa,
nokuti manyanya kufuta.

28 Vanopinda muAyati;
vopfuura nomuMigironi;
vochengeta nhumbi paMikimashi.
29 Vanopfuura napamupata, vagoti,
"Tichadzika matende paGebha usiku."
Rama rinobvunda;
Gibhea raSauro rinotiza.
30 Ridza mhere, iwe mukunda weGarimi!
Teerera, iwe Raisha!
Newe Anatoti unonzwisa urombo!
31 Madhimena riri kutiza;
vanhu veGebhimi vanovanda.
32 Zuva ranhasi vachamira paNobhi;
vachakunga chibhakera chavo
pagomo remwanasikana weZioni,
pachikomo cheJerusarema.

33 Tarirai, Ishe, Jehovha Wamasimba Ose,
achatema matavi nesimba guru.
Miti mirefu refu ichawiswa,
uye yakareba ichadzikiswa.
34 Achatema matenhere esango nedemo;
Rebhanoni ichawa pamberi paIye Ane Simba.

# 11

### *Davi raJese*

1 Bukira richabva kudzinde raJese;
Davi rinobva pamidzi yake richabereka muchero.
2 Mweya waJehovha uchagara pamusoro pake,
mweya wouchenjeri newokunzwisisa, mweya wokurayira nowesimba,
mweya wokuziva newokutya Jehovha,
3 uye achafarira kutya Jehovha.
Haazotongi nezvaanoona nameso ake,
kana kutonga nezvaanonzwa nenzeve dzake,
4 asi nokururama achatongera varombo,
nokururamisira achatongera vanyoro vapanyika.
Acharova nyika neshamhu yomuromo wake;
nokufema kwemiromo yake achauraya vakaipa.
5 Kururuma ndiro richava bhanhire rake
uye kutendeka bhanhire romuchiuno chake.

6 Bere richagara negwayana,

ingwe ichavata pasi nembudzi,
mhuru neshumba nezvakakodzwa zvichafura pamwe chete;
uye mwana mudiki achazvitungamirira.
7 Mhou ichafura nebere,
vana vazvo vachavata pasi pamwe chete,
uye shumba ichadya uswa senzombe.
8 Mwana mucheche achatambira pedyo nomwena wemhakure,
uye mwana mudiki achaisa ruoko rwake mumwena wenyoka.
9 Hazvingazokuvadzi kana kuparadza
pagomo rangu rose dzvene,
nokuti nyika ichazara nokuziva Jehovha
semvura zhinji inofukidza gungwa.

10 Pazuva iro Mudzi waJese uchamira somureza wamarudzi; ndudzi
dzichamhanyira kwaari, uye nzvimbo yake yokuzorora ichabwinya.
11 Pazuva iro Jehovha achatambanudza ruoko rwake kechipiri kuti
adzorezve vakasara ivo vanhu vake vakasiyiwa kubva kuAsiria, kubva
zasi kweIjipiti, nokubva kumusoro kweIjipiti nokubva kuEtiopia, nokubva
kuEramu, nokubva kuBhabhironi, nokuHamati uye nokubva kuzviwi
zvegungwa.

12 Achasimudzira marudzi mureza
uye achaunganidza vakadzingwa vaIsraeri;
achaunganidza vakaparadzirwa vavanhu veJudha,
kubva kumativi mana enyika.
13 Godo raEfuremu richapera
uye vavengi vavaJudha vachagurwa;
Efuremu haachazovi negodo naJudha,
naJudha haangaitire Efuremu hasha.
14 Asi vachawira pamusoro pamateru eFiristia kumavirazuva;
pamwe chete vachapamba vanhu vokumabvazuva.
Vachatora Edomu neMoabhu,
uye vaAmoni vachava varanda vavo.
15 Jehovha achaomesa chose
chikamu chegungwa reIjipiti;
nemhepo inopisa achatsvaira noruoko rwake
pamusoro peRwizi rweYufuratesi.
Acharukamura-kamura agoruita hova nomwe,
kuitira kuti vanhu vagone kuyambuka vachienda mhiri vakapfeka shangu.
16 Pachava nomugwagwa mukuru wavanhu vake vakasara,
vakasiyiwa kubva kuAsiria,
sezvazvakanga zviri kuvaIsraeri
pavakabva kuIjipiti.

# 12

*Nziyo dzoKurumbidza*

1 Pazuva iro muchati,
"Ndichakurumbidzai, imi Jehovha,
kunyange makanga makanditsamwira,
kutsamwa kwenyu kwakadzorwa
uye makandinyaradza.
2 Zvirokwazvo Mwari ndiye ruponeso rwangu;
ndichavimba naye uye handingatyi.

Jehovha, Jehovha ndiye simba rangu nerwiyo rwangu;
ava ruponeso rwangu."
3 Nomufaro muchachera mvura
kubva mumatsime oruponeso.
4 Pazuva iro muchati,
"Vongai Jehovha, danai kuzita rake;
zivisai zvaakaita pakati pendudzi,
uye muparidze kuti zita rake risimudzirwe.
5 Imbirai Jehovha, nokuti akaita zvinhu zvinoshamisa;
izvi ngazvizivikanwe pasi pose.
6 Pururudzai uye muimbe nomufaro, imi vanhu veZioni,
nokuti Mutsvene waIsraeri mukuru pakati penyu."

# 13

*Chiprofita pamusoro peBhabhironi*

1 Shoko rakaonekwa naIsaya mwanakomana waAmozi pamusoro peB-
habhironi:
2 Simudzai mireza pamusoro pechikomo chisina miti,
danidzirai kwavari;
mumnire kwavari
kuti vapinde pamasuo amakurukota.
3 Ndakarayira vatsvene vangu;
ndakadana varwi vangu kuti vazadzise kutsamwa kwangu,
avo vanofadzwa nokukunda kwangu.

4 Inzwai, kutinhira pamusoro pamakomo,
kwakafanana nokwavanhu vazhinji zhinji!
Inzwai, mheremhere pakati poumambo,
sendudzi dziri kuungana pamwe chete!
Jehovha Wamasimba Ose ari kugadzirira
mauto kundorwa.
5 Vanobva kunyika dziri kure,
kubva kumagumo amatenga,
Jehovha nezvombo zvokutsamwa kwake,
kuti aparadze nyika yose.

6 Ungudzai, nokuti zuva raJehovha rava pedyo;
richauya nokuparadza kunobva kuna Wamasimba Ose.
7 Naizvozvo maoko ose achashaya simba,
mwoyo mumwe nomumwe wavanhu uchanyungudika.
8 Kutya kuchavabata,
kurwadziwa nokugomera zvichavabata,
vachamonyoroka somukadzi ari kusununguka.
Vachatarisana vachishamisika mumwe nomumwe wavo,
zviso zvavo zvichipfuta.

9 Tarirai, zuva raJehovha riri kuuya,
zuva rakaipisisa, rine hasha nokutsamwa kunotyisa,
kuti nyika ive dongo
uye nokuzoparadza vatadzi vari mukati mayo.
10 Nyeredzi dzokudenga namapoka adzo
hadzizoratidzi chiedza chadzo.

Zuva rinobuda richasvibiswa
uye mwedzi hauzopi chiedza chawo.
11 Ndicharanga nyika nokuda kwokuipa kwayo,
navakaipa nokuda kwezvivi zvavo.
Ndichagumisa vanozvikudza pakudada kwavo,
uye ndichaderedza kuzvikudza kwavasina tsitsi.
12 Ndichaita kuti munhu ashayikwe kudarika goridhe,
ashayikwe kudarika kushayikwa kwegoridhe reOfiri.
13 Naizvozvo ndichabvundisa matenga;
uye nyika ichazungunuka kubva panzvimbo yayo,
nehasha dzaJehovha Wamasimba Ose,
pazuva rokutsamwa kwake kunopisa.

14 Semhara inovhimwa,
samakwai asina mufudzi,
mumwe nomumwe achadzokera kuvanhu vokwake,
mumwe nomumwe achatizira kunyika yake.
15 Mumwe nomumwe achabatwa achabayiwa,
vose vanobatwa vachaurayiwa nomunondo.
16 Vacheche vavo vacharoverwa pasi vagobvamburwa-bvamburwa vachizviona;
dzimba dzavo dzichapambwa uye vakadzi vavo vachachinyiwa.

17 Tarirai, ndichavamutsira vaMedhia
vasina hanya nesirivha,
uye vasingafariri goridhe.
18 Uta hwavo huchabaya majaya;
havazovi nengoni navacheche
kana kutarira vana netsitsi.
19 Zvino Bhabhironi rembiri paumambo,
kubwinya kwokuzvikudza kwavaBhabhironi,
richaparadzwa naMwari
kufanana neSodhomu neGomora.
20 Haringatongogarwizve navanhu
uye hakuna vachazogaramo kusvikira kuzvizvarwa zvose;
hapana muArabhu achadzika tende rake ikoko,
hakuna mufudzi achazorodza makwai ake ikoko.
21 Asi zvisikwa zvomugwenga ndizvo zvichagara ikoko,
makava achazadza dzimba dzavo;
mazizi achagara ikoko,
uye imomo ngururu dzichakwakuka-kwakuka.
22 Mapere achachema ari munhare dzavo,
makava mudzimba dzavo dzinoyevedza dzamadzimambo.
Nguva yake yaswedera,
uye mazuva aro haazowedzerwi.

## 14

1 Jehovha achanzwira Jakobho tsitsi;
achasarudza Israeri zvakare
uye achavagarisa munyika yavo.
Vatorwa vachabatana navo
vachanamatirana neimba yaJakobho.
2 Ndudzi dzichavatora

dzigovadzosera kunzvimbo yavo chaiyo.
Uye imba yaIsraeri ichatora ndudzi
kuti vave varandarume navarandakadzi munyika yaJehovha.
Vachaita nhapwa vaya vaimbova vatapi vavo,
uye vachabata ushe pamusoro pavaya vaimbova vamanikidzi vavo.
3 Pazuva ramuchapiwa rusununguko naJehovha kubva pakutam-
budzika, nokusagadzikana, nokubatwa noutsinye, 4 uchasveeredza
mambo weBhabhironi uchiti:
Haiwa, mumanikidzi apera sei!
Haiwa, hasha dzake dzapera sei!
5 Jehovha akavhuna tsvimbo yavakaipa
netsvimbo yamadzimambo,
6 yaakarova nayo marudzi
mukutsamwa nokurova kusingaperi,
uye akakunda ndudzi
nehasha nokurwisa kusingaperi.
7 Nyika dzose dzazorora uye dzava norugare;
votanga kufara nokuimba.
8 Kunyange nemiti yemisipuresi nemisidhari yokuRebhanoni
inofara pamusoro pako ichiti,
“Zvino zvawaparadzwa,
hakuna varume vanotsvaka huni vachauya kuzotitema.”

9 Pasi, iro sheori razungunuka
kuti rinangane newe pakuuya kwako;
riri kumutsa mweya yavakaenda kuti izokukwazisai,
vose vakaenda vari vatungamiri munyika;
rinoita kuti vasimuke pazvigaro zvavo zvoushe,
vose vakanga vari madzimambo endudzi.
10 Vose vachapindura,
vachati kwauri,
“Newewo hauchisina simba, sesu;
wangofanana nesu.”
11 Kuzvikudza kwako kwose kwaderedzwa kusvika muguva,
pamwe chete nokurira kworudimbwa rwako;
honye dzawarirwa pasi pako
uye makonye anokufukidza.

12 Haiwa, wawa seiko, uchibva kudenga,
iwe nyamasase yamangwanani, mwanakomana wamambakwedza!
Wakakandwa panyika,
iyewe wakambowisira ndudzi pasi!
13 Wakati mumwoyo mako,
“Ndichakwira kudenga;
ndichasimudzira chigaro changu choushe
pamusoro penyeredzi dzaMwari;
ndichagara pachigaro changu choushe pagomo reungano,
pamusoro pegomo dzvene.
14 Ndichakwira pamusoro-soro pamakore;
ndichazviita seWokumusoro-soro.”
15 Asi waderedzwa kusvika kuguva,
kwakadzika dzika kwegomba.

16 Vose vanokuona vanokunan'anidza,
vachafungisisa zvamagumo ako vachiti,
"Ndiye here murume
uya akazungunutsa nyika, akadederesa ushe,
17 murume akaita kuti nyika ive gwenga,
akaparadza maguta ayo,
akasatendera vasungwa vake kudzokera kumusha?"

18 Madzimambo ose endudzi ave mukukudzwa,
mumwe nomumwe muguva rake.
19 Asi iwe warasirwa kunze kweguva rako,
kufanana nedavi rakaraswa;
wakafukidzwa navakaurayiwa,
naavo vakabayiwa nomunondo,
avo vakadzika kumatombo egomba.
Kufanana nechitunha chinotsikwa-tsikwa netsoka,
20 hauzobatani navo pakuvigwa kwako,
nokuti wakaparadza nyika yako
ukauraya vanhu vako.

Vana vowakaipa
havazotaurwi nezvavozve.
21 Gadzirirai nzvimbo yokuurayira vanakomana vake
nokuda kwezvivi zvamadzitateguru avo;
havazosimuki kuti vagare nhaka yenyika
vagozadza nyika namaguta avo

22 "Ndichavamukira ini,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
"Ndichabvisa zita rake navakasara vake kubva kuBhabhironi,
vana vake navana vavana vake,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
23 "Ndichaishandura kuti ive nzvimbo yamazizi
nenyika yamachawi;
ndicharitsvaira nomutsvairo wokuparadza,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.

*Chiprofita pamusoro peAsiria*

24 Jehovha Wamasimba Ose akapika achiti:
"Zvirokwazo sezvandakafunga ndizvo zvichaitika,
uye sezvandakarangarira ndizvo zvichaitika.
25 Ndichapwanya muAsiria munyika yangu;
ndichamutsikirira pasi pamusoro pegomo rangu.
Joko rake richabviswa kubva pavanhu vangu,
nomutoro wake wokubva pamabvudzi avo."

26 Iyi ndiyo pfungwa yakarongerwa nyika yose;
urwu ndirwo ruoko rwakatambanudzirwa pamusoro pamarudzi ose.
27 Nokuti Jehovha Wamasimba Ose akazvironga zvino ndianiko angamukonesa?
Ruoko rwake rwakatambanudzwa ndianiko angarudzora?

*Chiprofita pamusoro peFiristia*

[28] Shoko iri rakauya mugore rakafa Mambo Ahazi richiti:
[29] Musafara imi mose vaFiristia,
muchiti shamhu yakakurovai imi, yavhunika;
nokuti kubva pamudzi wenyoka iyo pachabuda mvumbi,
chibereko chayo chichava nyoka ino uturu hunobaya.
[30] Murombo wavarombo achawana mafuro,
uye vanoshayiwa vacharara pasi murugare.
Asi ndichaparadza mudzi wako nenzara;
ichauraya vakasara vako.

[31] Ungudza iwe suo! Chema, iwe guta!
Nyungudukai, imi vaFiristia mose!
Gore routsi riri kuuya richibva kumusoro,
uye hapana achatiza pasimba raro.
[32] Ko, imhinduroi ichapiwa
kunhume dzorudzi urwo?
“Jehovha akasimbisa Zioni,
uye mariri vanhu vake vanotambudzika vachawana pokuvanda.”

# 15

*Chiprofita pamusoro peMoabhu*

[1] Chirevo chaJehovha maererano neMoabhu:
Ari romuMoabhu rava dongo,
rakaparadzwa usiku!
Kiri romuMoabhu rava dongo,
rakaparadzwa usiku!
[2] Dhibhoni rakwira kutemberi yaro,
kunzvimbo dzaro dzakakwirira kundochema;
Moabhu ari kuungudza pamusoro peNebho napamusoro peMedhebha.
Misoro yose yaveurwa
ndebvu dzose dzabviswa.
[3] Munzira dzomuguta vakapfeka masaga:
pamusoro pamatenga edzimba
uye nomumatare, vanoungudza vose,
vakazvambarara vachichema.
[4] Heshibhoni neErieri dzinodanidzira,
manzwi avo anonzwika kusvikira kuJahazi.
Naizvozvo varwi veMoabhu vanodanidzira,
uye mwoyo yavo yaziya.

[5] Mwoyo wangu unodanidzira pamusoro peMoabhu;
vatizi varo vanotiza kusvikira kuZoari,
kusvikira kuEgirati-Sherishiya.
Vanokwidza nenzira yokuRuhiti,
vanofamba vachichema,
munzira yokuHoronaimi
vanochema kuparadzwa kwavo.
[6] Mvura yokuNimirimi yakapwa
uye uswa hwaoma;
bumhudza rapera
uye hapachina chakasvibirira chakasara.
[7] Saka pfuma yavakawana neyavakaunganidza

vanoiyambutsira mhiri kworukova rwemikonachando.
8 Kudanidzira kwavo kwaita maungira kuchitevedza muganhu weMoabhu;
kuungudza kwavo kunosvikira kuEgiraimi,
kuchema kwavo kunosvikira kuBheeri Erimi.
9 Mvura yapaDhimoni yakazara neropa,
asi ndichauyisazve zvakawanda pamusoro peDhimoni,
shumba pamusoro pavatizi veMoabhu
uye napamusoro pavaya vakasara munyika.

# 16

1 Tumirai mutero
wamakwayana kumutongi wenyika,
kubva kuSera, zvichiyambukira kurenje,
kugomo roMwanasikana weZioni.
2 Kufanana neshiri dzadzungaira
dzichisundidzirwa kubva mudendere,
ndizvo zvakaita vakadzi veMoabhu
pamazambuko eAmoni.
3 "Tipeiwo zano,
ruramisirai.
Ita mumvuri wako kuti ufanane nousiku,
pamasikati makuru.
Viga vatizi,
usapandukira vapoteri.
4 Rega vatizi veMoabhu vagare newe,
iva utiziro hwavo kubva kumuparadzi."

Mutambudzi achasvika kumagumo,
uye kuparadza kuchapera;
mudenhi achatsakatika panyika.
5 Murudo, chigaro choushe chichasimbiswa;
mukutendeka, munhu achagarapo, mumwe anobva kuimba yaDhavhidhi,
uyo anoti achitonga anotsvaka kururamisira,
uye achikurumidza kuita zvakarurama.

6 Takanzwa nezvokuzvikudza kwaMoabhu,
namanyawi ake makuru uye kuzvida kwake,
kuzvikudza kwake nokuvirima kwake,
asi kuzvirumbidza kwake hakuna maturo.
7 Naizvozvo vaMoabhu voungudza,
vanoungudzira Moabhu pamwe chete.
Chemai musuwe
nokuda kwavarume veKiri Hareseti.
8 Minda yeHeshibhoni yaoma
uye mazambiringa eSibhima aomawo.
Vatongi vendudzi vatsika-tsika
mizambiringa yakaisvonaka,
iyo yaimbosvika kuJazeri
uye yaitandira yakananga kurenje.
Mabukira ayo
aitandira kusvika kugungwa.

9 Saka ndinochema, sokuchema kweJazeri,
nokuda kwemizambiringa yeSibhima.
Haiwa Heshibhoni, haiwa Ereare,
ndichakudiridza nemisodzi!
Ruzha rwomufaro pamusoro pemizambiringa
yakaibva napamusoro pezvamakakohwa rwanyaradzwa.
10 Mufaro nokufarisisa zvabviswa paminda yemizambiringa;
hapana anoimba kana kuita ruzha muminda yemizambiringa;
hapana anosvina waini pazvisviniro,
nokuti ndagumisa ruzha rwacho.
11 Mwoyo wangu unorira nokuda kwaMoabhu, kufanana nokurira kwembira,
mukati kati mangu munorira nokuda kweKiri Hareseti.
12 Zvino kana Moabhu achizviratidza panzvimbo dzake dzakakwirira,
anenge achingozvinetsa pachake;
paanoenda kuimba yake kunonyengetera,
zvinenge zvisina chazvinobatsira,
13 Iri ndiro shoko rakataurwa kare naJehovha pamusoro peMoabhu.
14 Asi zvino Jehovha anoti, "Makore matatu asati apfuura, sokuverengwa
kwaangaitwa nomuranda akazvisunga kubatira mubayiro, kukudzwa
kweMoabhu navanhu vake vose vakawanda kuchazvidzwa, uye vakapun-
yuka vake vachava vashoma kwazvo uye vasina simba."

# 17

*Chirevo pamusoro peDhamasiko*

1 Chirevo pamusoro peDhamasiko:
"Tarirai, Dhamasiko harichazovazve guta,
asi richava murwi wamatongo.
2 Maguta eAroeri achasiyiwa uye achava mafuro ezvipfuyo,
izvo zvichavata pasi,
pasina anozvivhundutsa.
3 Maguta akakomberedzwa namasvingo achanyangarika achibva pana Efuremu,
uye simba roushe kubva paDhamasiko;
vakasara veAramu
vachava sembiri yavaIsraeri,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
4 "Pazuva iro kukudzwa kwaJakobho kuchapera;
mafuta omuviri wake achapera.
5 Zvichafanana nomukohwi anokohwa madzinde akamira,
uyo anokohwa zviyo noruoko rwake,
sezvinoita murume anononga hura
dzezviyo muMupata weRefaimi.
6 Kunyange zvakadaro dzimwe tsanga dzichasara,
sezvinoita muorivhi kana wazunzwa,
uchisiya maorivhi maviri kana matatu pamatavi okumusoro-soro,
mana kana mashanu pamatavi makuru anobereka,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari waIsraeri.
7 Pazuva iro vanhu vachatarira kuMusiki wavo,
vagodzorera meso avo kuMutsvene waIsraeri.
8 Havachazotarisi kuaritari,
iro basa ramaoko avo,

uye havachazovi nehanya nematanda aAshera nearitari
dzezvinonhuhwira dzakaitwa neminwe yavo.
9 Pazuva iro maguta avo akasimba avakasiya nokuda kwavaIsraeri,
achafanana nenzvimbo dzakaregerwa kuti dzive matenhere nezvinomera
pasi pavo. Uye ose achava matongo.
10 Nokuti wakanganwa Mwari Muponesi wako,
hauna kurangarira Dombo, iyo nhare yako.
Naizvozvo, kunyange ukazvisimira miti yakanakisisa,
uye ukadyara mizambiringa inobva kune dzimwe nyika,
11 kunyange pazuva raunoisima, ugoita kuti ikure,
ugoita kuti ive namaruva,
asi mukohwo uchava sapasina
pazuva rehosha nokurwadziwa kusingarapiki.

12 Haiwa, kutinhira kwendudzi zhinji,
dzinotinhira sokutinhira kwegungwa!
Haiwa, kuomba kwamarudzi
anoomba kufanana nokutinhira kwemvura zhinji!
13 Kunyange vanhu vakaomba sokutinhira kwamafungu emvura,
paanovatuka vachatizira kure,
vachidzingirirwa nemhepo sehundi pamusoro pezvikomo,
kufanana nouswa hunozungunuswa pamberi pedutu guru.
14 Munguva yamadekwana,
pachava nokutyisa! Kusati kwaedza, havachipo!
Uyu ndiwo mugove wavaya vanotibira,
nomubayiro wavanotipamba.

# 18

*Chiprofita pamusoro peEtiopia*

1 Ine nhamo nyika yokutinhira
kwamapapiro inotevedza nzizi dzeEtiopia,
2 inotuma nhume nenzira yomugungwa,
muzvikepe zvenhokwe pamusoro pemvura.
Endai, imi nhume dzinokurumidza,
kuvanhu vakareba uye vane ganda rinotsvedzerera,
kuvanhu vanotyiwa kure napedyo,
rudzi rune hasha nomutauro usinganzwisisiki,
rune nyika yakakamurwa nenzizi.

3 Imi mose muri pasi pose,
imi munogara panyika,
kana mureza wasimudzwa pamusoro pamakomo,
muchauona,
uye kana hwamanda yarira,
muchainzwa.
4 Zvanzi naJehovha kwandiri:
"Ndicharamba ndinyerere uye ndichatarira ndiri paugaro hwangu,
samanyirinyiri omushana unopisa,
segore redova mukupisa kwokukohwa."
5 Nokuti, kukohwa kusati kwasvika,
kana kutungira kwamaruva kwaguma, uye ruva rova muzambiringa
woibva,

achagura mabukira namapanga okurangura,
achatemera pasi uye agorasira kure matavi akatandavara.
6 Zvose zvichasiyirwa magora omugomo nokuzvikara zvesango;
shiri dzichazvidya chirimo chose,
uye zvikara zvesango
zvichazvidya muchando chose.
7 Panguva iyoyo, zvipo zvichavigirwa Jehovha Wamasimba Ose,
zvichibva kuvanhu vakareba vane ganda rinotsvedzerera,
kubva kuvanhu vanotyiwa kwose kwose,
rudzi rune hasha nomutauro usinganzwisisiki,
rudzi rune nyika yakakamurwa nenzizi,
zvipo zvichauyiswa kuZioni, nzvimbo yeZita raJehovha Wamasimba Ose.

# 19

*Chiprofita pamusoro peIjipiti*

1 Chirevo pamusoro peIjipiti:
Tarirai, Jehovha akatasva gore rinomhanya,
uye ari kuuya kuIjipiti.
Zvifananidzo zveIjipiti zviri kudedera pamberi pake,
uye mwoyo yavaIjipita yonyungudika mukati mavo.

2 "Ndichakuchidzira kumukirana pakati pavaIjipita,
munun'una acharwa nomukoma,
muvakidzani acharwa nowaakavakidzana naye,
guta richarwisana nerimwe guta,
umambo hucharwisana nohumwe umambo.
3 VaIjipita vachaora mwoyo,
uye ndichaita kuti zvavanoronga zvive pasina;
vachabvunza zvifananidzo nemweya yavakafa,
nokumasvikiro navavuki.
4 Ndichaisa vaIjipita mumaoko amambo ano utsinye
uye mambo anotyisa achatonga pamusoro pavo,"
ndizvo zvinotaura Ishe,
Jehovha Wamasimba Ose.

5 Mvura yomurwizi ichapwa,
uye mahombekombe erwizi achapwa agova akaoma.
6 Migero ichanhuhwa;
hova dzeIjipiti dzichaderera uye dzichapwa.
Tsanga nenhokwe zvichauna,
7 uyewo zvinomera zvichitevedza Nairi,
pamuromo werwizi.
Minda yose yakadyarwa mujinga meNairi ichaoma,
mbesa dzichapeperetswa nemhepo, hazvingazovapozve.
8 Vabati vehove vachagomera uye vagorira,
vose vanokanda zviredzo muna Nairi;
vaya vanokanda mimbure pamusoro pemvura vacharukutika.
9 Vanobata neshinda yakanaka vachapera simba,
varuki vemicheka yakanaka vachashaya tariro.
10 Vanobata nemicheka vachaora mwoyo,
uye vose vanobatira mubayiro vacharwadziwa mwoyo.

11 Machinda eZoani haasi chinhu asi mapenzi;
makurukota aFaro akachenjera anopa zano risina mano.
Mungareva sei kuna Faro, kuti,
“Ndini mumwe wavakachenjera,
mudzidzi wamadzimambo akare?”

12 Zvino vakachenjera venyu varipiko?
Ngavakuratidzei uye vakuzivisei
zvakafungwa naJehovha Wamasimba Ose
pamusoro peIjipiti.
13 Machinda eZoani ava mapenzi,
vatungamiri veMemufisi vanyengerwa;
mabwe ekona amarudzi
avo atsausa Ijipiti.
14 Jehovha akadururira mavari mweya wedzungu;
vanoita kuti Ijipiti idzedzereke mune zvose zvainoita,
sezvinoita chidhakwa
chinodzedzereka mumarutsi acho.
15 Hapana chingaitwa neIjipiti, musoro kana muswe,
davi romuchindwe kana rushanga.

16 Pazuva iro, vaIjipita vachafanana navakadzi. Vachadedera nokutya
panosimudzwa ruoko rwaJehovha Wamasimba Ose pamusoro pavo.
17 Uye nyika yeJudha ichava chinhu chinotyisa kuvaIjipita; mumwe
nomumwe achanzwa nezvaJudha achatya, nokuda kwezvinofungwa na-
Jehovha Wamasimba Ose pamusoro pavo.

18 Pazuva iro, maguta mashanu omuIjipiti achataura mutauro weKenani
uye vachapikira vachazvipira kuna Jehovha Wamasimba Ose. Rimwe
racho richanzi Guta roKuparadza.

19 Pazuva iro, pachava nearitari kuna Jehovha mukati chaimo meIjipiti,
nembiru kuna Jehovha pamuganhu wayo. 20 Ichava chiratidzo nechapupu
kuna Jehovha Wamasimba Ose munyika yeIjipiti. Pavanodanidzira kuna
Jehovha nokuda kwavavamanikidzi vavo, achavatumira muponesi nomur-
wiri, ipapo achavanunura. 21 Saka Jehovha achazviratidza kuvaIjipita, uye
pazuva iro vachaziva Jehovha. Vachanamata nezvibayiro uye nezvipiriso
zvezviyo; vachaita mhiko kuna Jehovha uye vagodzichengeta. 22 Jehovha
acharova Ijipiti nehosha; acharova agovarapazve. Vachatendeukira kuna
Jehovha, uye achapindura mikumbiro yavo nokuvarapa.

23 Pazuva iro, pachava nenzira huru ichabva kuIjipiti ichienda kuAsiria.
VaAsiria vachaenda kuIjipiti uye vaIjipita vachaendawo kuAsiria. VaIjipita
navaAsiria vachanamata pamwe chete. 24 Pazuva iro Israeri ichava
yechitatu, ichitevera Ijipiti neAsiria, ichava ropafadzo panyika. 25 Jehovha
Wamasimba Ose achavaropafadza achiti, “Ngavaropafadzwe vaIjipita
vanhu vangu, navaAsiria, basa ramaoko angu, navaIsraeri, nhaka yangu.”

# 20

*Chiprofita pamusoro peIjipiti neEtiopia*

1 Mugore rokusvika kwomutungamiri mukuru, kuAshidhodhi, atumwa
naSarigoni mambo weAsiria, akairwisa uye akaitapa, 2 panguva iyoyo
Jehovha akataura kubudikidza naIsaya mwanakomana waAmozi. Akati
kwaari, “Bvisa nguo yesaga pamuviri wako neshangu mumakumbo
mako.” Iye akaita saizvozvo, akafamba asina nguo uye asina shangu.

3 Ipapo Jehovha akati, "Sezvakaita Isaya muranda wangu akafamba
asina nguo, uye asina shangu kwamakore matatu, sechiratidzo
nechishamiso pamusoro peIjipiti neEtiopia, 4 saizvozvo mambo weAsiria
achaenda navatapwa veIjipiti, navakadzingwa veEtiopia, vadiki navakuru,
uye magaro ari panze, kuti chive chinyadziso kuIjipiti. 5 Avo vaivimba neE-
tiopia uye vaizvikudza neIjipiti vachatya uye vachanyadziswa. 6 Pazuva
iro, vanhu vaigara pamhenderekedzo ino vachati, 'Tarirai zvaitika kuna
vaya vataivimba navo, vaya vataitizira kwavari kuti vatibatsire uye
vatinunure kubva kuna mambo weAsiria! Zvino isu tichapunyuka sei?' "

# 21

*Chiprofita pamusoro peBhabhironi*

1 Chirevo pamusoro peRenje riri pedyo neGungwa:
Kufanana nechamupupuri chinovhuvhuta nomunyika yezasi,
mupambi anouya achibva kurenje,
kubva kunyika inotyisa.

2 Ndaratidzwa chiratidzo chinorwadza.
Mupanduki anopanduka, muparadzi anotora zvokupamba
Eramu, rwisa! Medhia, vandira!
Ndichagumisa kugomera kwose kwaakaita kuti kuvepo.

3 Naizvozvo muviri wangu wakazara nokurwadziwa;
marwadzo akandibata, kufanana nomukadzi ari kusununguka;
ndiri kudzedzereka nezvandinonzwa,
ndakanganisika nezvandinoona.
4 Mwoyo wangu woziya,
kutya kwondidedederesa;
rubvunzavaeni rwandaishuva
rwava chinyangadzo kwandiri.

5 Vanogadzira matafura,
vanowaridza micheka pasi,
vanodya, vanonwa!
Simukai, imi machinda,
zodzai nhoo!
6 Zvanzi naIshe kwandiri:
"Endai, mundogadza nharirire
uye muite kuti azivise zvaanoona.
7 Kana achiona ngoro namapoka amabhiza,
navatasvi vari pamusoro pembongoro
kana vatasvi vari pamusoro pengamera,
ngaave akachenjera, akachenjera zvizere."
8 Ipapo nharirire yakadanidzira ichiti,
"Zuva nezuva, tenzi wangu, ndinomira pamusoro peshongwe yomurindi;
usiku hwoga hwoga ndinogara panzvimbo yangu.
9 Tarirai, hoyo murume ari kuuya ari mungoro
neboka ramabhiza.
Uye anopa mhinduro achiti,
'Bhabhironi rawa, rawa!
Zvifananidzo zvose zvavamwari
varo zvaputsirwa pasi!' "

10 Haiwa, vanhu vangu vapwanyirwa paburiro,
ndinokuudzai zvandanzwa kubva kuna
Jehovha Wamasimba Ose,
kubva kuna Mwari waIsraeri.

*Chiprofita pamusoro peEdhomu*

11 Chirevo pamusoro peDhuma:
Mumwe anodana kwandiri ari kuSeiri, achiti,
"Nharirire iwe, inguvaiko ino yousiku?
Nharirire iwe, inguvaiko ino yousiku?"
12 Nharirire inopindura ichiti,
"Mambakwedza achauya, asi nousikuwo.
Zvino kana uchida kubvunza, bvunza;
uye ugodzokazve."

*Chiprofita pamusoro peArabhia*

13 Chirevo pamusoro peArabhia:
Imi ngoro dzavaDhedhani,
munodzika misasa mumatenhere eArabhia,
14 vigirai vane nyota mvura;
imi munogara muTema,
uyai nezvokudya zvavanotiza.
15 Vari kutiza munondo,
kubva kumunondo wavhomorwa,
nokuuta hwawemburwa,
uye nokupisa kwehondo.
16 Zvanzi naJehovha kwandiri: "Pachinguva chegore rimwe chete,
sokuverenga kungaita mushandi akabatwa nechibvumirano, kuzvikudza
kwose kweKedhari kuchapera. 17 Varume vouta vachapunyuka, ivo mhare
dzeKedhari vachava vashoma." Jehovha, Mwari weIsraeri ataura.

# 22

*Chiprofita pamusoro peJerusarema*

1 Chirevo pamusoro poMupata weChiratidzo:
Chii chinokutambudzai zvino,
zvokuti mose makwira pamusoro pamatenga edzimba?
2 Haiwa guta rizere nemheremhere,
haiwa guta renyonganyonga nokupembera?
Vakaurayiwa venyu havana kubayiwa nomunondo,
kana kufira muhondo.
3 Vatungamiri vako vose vatiza pamwe chete;
vabatwa pasina kushandiswa uta.
Mose imi makabatwa mukaitwa vasungwa pamwe chete,
kunyange makanga matiza muvengi achiri kure.
4 Naizvozvo ndakati, "Endai kure neni;
regai ndicheme kwazvo.
Musaedza kundinyaradza
pamusoro pokuparadzwa kwavanhu vangu."

5 Ishe, Jehovha Wamasimba Ose,
ane zuva renyonganyonga nerokutsikira
pasi nokutyisa muMupata woKuratidza,
zuva rokukoromorera masvingo

pasi nerokudanidzira kumakomo.
6 Eramu anotora goba,
pamwe chete navatasvi vamabhiza nengoro;
Kiri anofudugura nhoo.
7 Mipata yako yakaisvonaka yakazara nengoro,
uye vatasvi vamabhiza vakaiswa pamasuo eguta;
8 kudzivirirwa kweJudha kwakabviswa.

Uye pazuva iro makatarira,
kuzvombo muMuzinda weSango;
9 makaona kuti Guta raDhavhidhi
raiva napakakoromoka pakawanda
munzvimbo dzokudzivirira;
makazvichengetera mvura muDziva reZasi.
10 Makaverenga dzimba muJerusarema,
mukaondomora dzimba kuti musimbise rusvingo.
11 Makavaka gungwa pakati pamasvingo maviri,
kuti muchingidzire mvura yomudziva rakare,
asi hamuna kutarira kuna Iye akariita,
kana kuva nehanya naIye akazvironga kare.

12 Ishe, Jehovha Wamasimba Ose,
akakudaidzai pazuva iro
kuti mucheme uye muungudze,
kuti mudzure bvudzi renyu uye mufuge masaga.
13 Asi tarirai, kune mufaro nokupembera,
kubayiwa kwemombe nokuurayiwa kwamakwai,
kudyiwa kwenyama nokunwiwa kwewaini!
Munoti, "Ngatidyei uye tinwe,
nokuti mangwana tichafa!"
14 Jehovha Wamasimba Ose akazivisa izvi munzeve dzangu achiti,
"Kusvikira pazuva rokufa kwako, chivi ichi hachizokanganwirwi," ndizvo
zvinotaura Ishe, Jehovha Wamasimba Ose.
15 Zvanzi naIshe, Jehovha Wamasimba Ose:
"Enda, undoti kumutariri uyu,
kuna Shebhina, mutariri womuzinda, uti kwaari:
16 Uri kuitei pano uye ndiani akakupa mvumo
yokuti uzvicherere rinda pano,
uchizvivezera rinda rako pakakwirira
nokuzvivezera nzvimbo yako yokuzorora mudombo?

17 "Hokoyo, Jehovha ava kuda kukuti dzvi,
agokurasira kure, iwe murume wesimba.
18 Achakupomba-pomba sebhora
agokukanda munyika yakakura.
Ndimo mauchafira,
uye ngoro dzako dzine mbiri dzichasara imomo,
iwe wokunyadzisa imba yatenzi wako!
19 Ndichakudzinga pabasa rako,
uye uchatandaniswa panzvimbo yako.
20 "Pazuva iro ndichadana muranda wangu, Eriakimi mwanakomana
waHirikia. 21 Ndichamupfekedza nguo yako ndigomusimbisa nebhanhire

rako uye ndigoisa masimba ako pamusoro pake. Achava baba kuna
vagere muJerusarema nokuimba yaJudha. 22 Ndichaisa papfudzi rake
kiyi yeimba yaDhavhidhi; chaanenge azarura hapana angapfiga, uye
chaanenge apfiga hapana angazarura. 23 Ndichamuroverera sembambo
panzvimbo yakasimba; achava chigaro chinokudzwa paimba yababa vake.
24 Mbiri yeimba yababa vake ichaturikwa paari; matavi namabukira,
nemidziyo midiki yose, kubva pamikombe kusvikira pamakate ose.
25 "Pazuva iro," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, "mbambo
yakarovererwa panzvimbo yakasimba ichabva; ichatemwa igowisirwa
pasi, uye mutoro wakarembera pauri uchatemerwa pasi." Jehovha ataura
izvozvo.

# 23

*Chiprofita pamusoro peTire*

1 Chirevo pamusoro peTire:
Ungudzai imi zvikepe zveTashishi!
Nokuti Tire raparadzwa
uye rasiyiwa risina imba kana pangamira zvikepe.
Shoko rakasvika kwavari richibva
kunyika yeSaipurasi.

2 Nyararai, imi vanhu vagere pachiwi
nemi vatengesi veSidhoni,
imi makapfumiswa navashambadzi vomunyanza.
3 Pamusoro pemvura
zhinji zviyo zveShihori zvakayambutswa;
mukoho weNairi ndiwo waiva pfuma yeTire,
uye ikazova nzvimbo yokutengesera yamarudzi.

4 Nyara, iwe Sidhoni, uye newe nhare yegungwa,
nokuti gungwa rataura richiti,
"Handina kumborwadziwa kana kubereka;
handina kumborerera vanakomana kana kukurisa vanasikana."
5 Panosvika shoko kuIjipiti,
vacharwadziwa pamusoro peshoko rinobva kuTire.

6 Yambukirai kuTashishi;
ungudzai, imi vanhu vagere pachiwi.
7 Ko, iri ndiro guta renyu ramafaro here,
guta rakare kare,
rakaendeswa kure kure netsoka dzaro
kundogara kunyika iri kure?
8 Ndianiko akarongera Tire izvozvi,
iro raipa korona,
vatengesi varo vari machinda,
vashambadziri varo vane mukurumbira munyika?
9 Jehovha Wamasimba Ose akaronga izvozvo,
kuti adzikise kuzvikudza kwekukudzwa kwose,
uye kuti aninipise vose vane mukurumbira panyika.

10 Rima nyika yako sezvinoitwa mujinga meNairi,
iwe mwanasikana weTashishi,

nokuti hauchina panomira zvikepe.
11 Jehovha akatambanudza ruoko rwake pamusoro pegungwa,
uye akaita kuti ushe hwaro hudedere.
Akarayira pamusoro peKenani,
kuti nhare dzayo dziparadzwe.
12 Akati, "Mafaro ako haachazovapozve,
iwe mhandara yeSidhoni, yaparadzwa!

"Simuka uyambukire kuSaipurasi;
Kunyange naikoko haundowani zororo."
13 Tarira nyika yavaBhabhironi,
rudzi urwo haruchaverengwi zvino!
VaAsiria vakaiita
nzvimbo yemhuka dzerenje;
vakamisa shongwe dzavo dzokurwa,
vakakoromora nhare dzaro dzikava pasina,
uye vakarishandura rikava dongo.

14 Ungudzai, imi zvikepe zveTashishi;
nhare yenyu yaparadzwa!
15 Panguva iyoyo Tire ichakanganwikwa kwamakore makumi
manomwe, zvakaenzana namakore oupenyu hwamambo. Asi shure
kwamakore makumi manomwe aya, Tire richaitirwa sezvinoimbwa
rwiyo rwechifeve runoti:
16 "Tora rudimbwa, ufambe nomuguta,
iwe chifeve chakakanganikwa;
ridza rudimbwa zvakanaka, imba nziyo zhinji,
kuitira kuti ugorangarirwa."
17 Panopera makore makumi manomwe, Jehovha achashanyira Tire.
Richadzokerazve kubasa raro sechifeve rigofeva noushe hwose huri pamu-
soro penyika. 18 Asi zvarakashambadzira uye nomubayiro waro zvichat-
saurirwa Jehovha; hazvingachengetwi kana kuvigwa. Zvarakasham-
badzira zvichaendeswa kuna avo vanogara pamberi paJehovha, kuti vave
nezvokudya zvakawanda nenhumbi dzakanaka.

# 24

*Kuparadzwa kweNyika naJehovha*

1 Tarirai, Jehovha ari kuzoparadza nyika
achiiparadza zvachose;
achanyangadza kutarisika kwayo
uye achaparadzira vanogaramo,
2 zvichangofanana,
zvinoitirwa muprista nezvinoitirwa vanhu,
zvinoitirwa vatenzi nezvinoitirwa muranda,
zvinoitirwa vahosi nezvinoitirwa mushandiri,
zvinoitirwa mutengesi nezvinoitirwa mutengi,
zvinoitirwa anokwereta nezvinoitirwa akweretwa,
zvinoitirwa anoripa mhindu nezvinoitirwa anoreva mhindu.
3 Nyika ichaparadzwa zvachose
uye ichatorerwa zvayo zvose.
Jehovha ataura shoko irori.
4 Nyika inooma uye inosvava,

pasi pose panorwadziwa uye panounyana,
vanokudzwa venyika vanopera simba uye vanorwadziwa.
5 Nyika inosvibiswa navanhu vayo;
havana kuteerera mirayiro,
vakapandukira mitemo
uye vakaputsa sungano isingaperi.
6 Naizvozvo chituko chinoparadza nyika,
vanhu vayo vanofanira kuzvitakurira mhosva dzavo.
Naizvozvo vagari vomunyika vapiswa,
uye vashoma ndivo vasara.
7 Waini itsva inopera uye muzambiringa unosvava;
vose vanoda mafaro vanogomera.
8 Kufadza kwamakandira kwanyaradzwa,
kupembera kwavapururudzi kwapera,
rudimbwa rwomufaro rwanyaradzwa.
9 Havangazonwi waini vachiimba rwiyo;
doro rava kuvava kuvanwi varo.
10 Guta rakoromorwa rava dongo;
mukova wokupinda mudzimba dzose wapfigwa.
11 Vochemera waini mumigwagwa;
mufaro wose washanduka wava kusuwa,
mupururu wabviswa panyika.
12 Guta rasara rava dongo,
masuo aro aputswa-putswa.
13 Ndizvo zvazvichaita munyika
napakati pendudzi,
zvichafanana nokuzunzwa kwomuorivhi,
kana sezvinosara pakunongwa shure kwegohwo ramazambiringa.

14 Vanosimudza manzwi avo, vanopururudza nomufaro;
kubva kumavirira vanoparidza zvoukuru hwaJehovha.
15 Naizvozvo kumabvazuva, mbiri kuna Jehovha;
kudzai zita raJehovha Mwari waIsraeri
pazviwi zvegungwa.
16 Kubva kumigumo yenyika tinonzwa kuimba kunoti:
“Ngaakudzwe iye Akarurama.”

Asi ini ndakati, “Ndiri kupera muviri, ndiri kupera muviri!
Ndine nhamo!
Vanyengeri vakaita zvinhu nokunyengera!
Vanyengeri vakaita zvinhu nokunyengera kukuru!”
17 Kutya negomba zvakakumirirai,
imi vanhu vapanyika.
18 Ani naani anotiza kutinhira kunotyisa,
achawira mugomba;
ani naani anokwira achibuda mugomba
achabatwa mumusungo.

Nokuti mawindo okudenga azaruka,
uye nheyo dzapanyika dzozungunuka.
19 Nyika yaputswa-putswa,
nyika yakamurwa napakati,

nyika yozungunuswa chose.
20 Nyika yodzedzereka sechidhakwa,
inozengaira semba iri mumhepo;
kudarika nokumukira kwayo kwairemera kwazvo,
zvokuti inowa, ikasazomukazve.

21 Pazuva iro Jehovha acharanga masimba
omuchadenga kumusoro,
uye namadzimambo ari pamusoro penyika pasi.
22 Vachaunganidzwa pamwe chete
kufanana navasungwa vakasungwa mugomba;
vachapfigirwa mutorongo
vagozorangwa kwamazuva mazhinji.
23 Mwedzi uchanyadziswa, zuva richanyara;
nokuti Jehovha Wamasimba Ose achatonga
pamusoro peGomo reZioni nomuJerusarema,
napamberi pavakuru varo, nokubwinya kukuru.

# 25

*Rumbidzo kuna Jehovha*

1 Haiwa, Jehovha ndimi Mwari wangu;
ndichakukudzai uye ndicharumbidza zita renyu,
nokuti nokutendeka kukuru
makaita zvinhu zvinoshamisa,
zvinhu zvamakaronga kare kare.
2 Makaita kuti guta rive dutu ramarara,
guta rakakomberedzwa rikava dongo,
nhare yavatorwa haichazova gutazve;
haichazovakwazve.
3 Naizvozvo vanhu vane simba vachakukudzai;
maguta endudzi dzine utsinye achakuremekedzai.
4 Manga muri utiziro hwavarombo,
utiziro hwaanoshayiwa mukutambudzika kwake,
uye dumba panguva yemvura zhinji
nomumvuri pakupisa kwezuva.
Nokuti kufema kwavano utsinye
kwakafanana nemvura zhinji inorovera parusvingo,
5 uye kwakafanana nokupisa kwerenje.
Munonyaradza bope ravatorwa;
sokupisa kunotonhodzwa nomumvuri wegore,
naizvozvo rwiyo rwavane utsinye rwanyaradzwa.
6 Pamusoro pegomo iri, Jehovha Wamasimba Ose achagadzirira
vanhu vose mutambo wezvakakora,
namabiko ewaini yakare,
nyama yakanakisa uye newaini yakaisvonaka.
7 Pamusoro pegomo iri,
achaparadza chifukidziro chinoputira marudzi ose,
mucheka unofukidza ndudzi dzose;
8 iye achamedza rufu nokusingaperi.
Wamasimba Ose achapisika misodzi
kubva pazviso zvose;
achabvisa kunyadziswa kwavanhu vake

panyika yose.
Jehovha ataura.
9 Pazuva iro vachati,
“Zvirokwazvo uyu ndiye Mwari wedu;
takavimba naye, iye akatiponesa.
Uyu ndiye Jehovha, takavimba naye;
ngatifarei tifarisise muruponeso rwake.”

10 Ruoko rwaJehovha ruchagara pagomo iri,
asi Moabhu achatsikwa-tsikwa pasi pake,
samashanga anotsikwa-tsikwa mumupfudze.
11 Vachatambanudza maoko avo mariri,
somushambiri anotambanudza maoko ake kuti ashambire.
Mwari achaderedza kuzvikudza kwavo,
kunyange vachigona kuita zvakanaka namaoko avo,
12 Achakoromora nhare yako yamasvingo
akakwirira agoaputsira pasi;
achaakoromorera pasi,
muguruva chaimo.

# 26

*Rwiyo rwoKurumbidza*
1 Pazuva iro rwiyo urwu ruchaimbwa munyika yaJudha:
Tine guta rakasimba;
Mwari anoita kuti ruponeso
ruve masvingo nenhare dzaro.
2 Zarurai masuo kuti rudzi
rwakarurama rupinde,
rudzi runochengeta kutenda.
3 Muchachengeta murugare
rwakakwana munhu ane mufungo wakasimba,
nokuti anovimba nemi.
4 Vimba naJehovha nokusingaperi,
nokuti Jehovha, iye Jehovha ndiye Dombo rokusingaperi.
5 Anoderedza avo vagere pakakwirira,
anodzikisa pasi guta rapamusoro;
anorideredza kusvikira pavhu
uye anorikanda muguruva.
6 Tsoka dzicharitsikirira pasi,
tsoka dzavakamanikidzwa,
idzo tsoka dzavarombo.

7 Nzira yavakarurama yakati chechetere;
imi Akarurama, munoita kuti nzira yavakarurama iti chechetere.
8 Hongu, Jehovha tichifamba munzira yomurayiro wenyu,
tinokumirirai;
zita renyu nemukurumbira
wenyu ndizvo chishuwo chemwoyo yedu.
9 Mwoyo wangu unokushuvai pausiku;
mangwanani, mweya wangu unokupangai.
Kutonga kwenyu pakunouya panyika,
vanhu vanogara panyika vanodzidza zvokururama.

10 Kunyange nyasha dzichiratidzwa kuna vakaipa, ivo havadzidzi kururama;
kunyange munyika yokururama,
vanongoramba vachiita zvakaipa,
uye havana hanya noukuru hwaJehovha.
11 Haiwa Jehovha, ruoko rwenyu rwakasimudzirwa kumusoro,
asi havaruoni.
Ngavaone kushingaira kwenyu pamusoro pavanhu venyu vagonyadziswa;
moto wakachengeterwa vavengi venyu ngauvaparadze.

12 Jehovha, imi munotigadzirira rugare;
zvose zvatakakwanisa ndimi makatiitira.
13 Haiwa Jehovha Mwari wedu, mamwe madzishe kunze kwenyu akatitonga,
asi zita renyu ndiro ratinokudza chete.
14 Ivo vakafa zvino, havachararamizve;
mweya yavakafa haimuki.
Makavaranga mukavaparadza;
makabvisa chirangaridzo chavo.
15 Makakurisa rudzi, imi Jehovha;
makakurisa rudzi.
Makazviwanira mukurumbira;
mukakurisa miganhu yose yenyika.

16 Jehovha, vakauya kwamuri mumatambudziko avo;
pamakavarova,
havana kugona kuzevezera munyengetero.
17 Sezvinoita mukadzi ane mimba oda kusununguka,
anomonyoroka mukurwadziwa kwake, agochema kwazvo,
ndizvo zvatakanga takaita pamberi penyu, imi Jehovha.
18 Takanga tine mimba, tichimonyoroka mukurwadziwa,
asi takabereka mhepo.
Hatina kuvigira nyika ruponeso;
hatina chatakaberekera vanhu venyika.

19 Asi vakafa venyu vachararama;
miviri yavo ichamuka.
Imi mugere muguruva,
mukai mupembere.
Dova renyu rakaita sedova ramangwanani;
nyika ichabudisa vakafa vayo.

20 Chiendai, vanhu vangu,
pindai mumakamuri enyu,
mugopfiga mikova shure kwenyu;
muvande kwechinguva kusvikira kutsamwa kwake kwapfuura.
21 Tarirai, Jehovha ari kubuda muugaro hwake,
kuti arange vanhu venyika nokuda kwezvivi zvavo.
Nyika ichafukura ropa rakateurwa pamusoro payo;
haichazovanzizve vakaurayiwa vayo.

# 27

*Kusunungurwa kwaIsraeri*

1 Pazuva iro,
Jehovha acharanga nomunondo wake,
iwo munondo wake mukuru une simba uye unotyisa,
Revhiatani nyoka inokurumidza,
Revhiatani nyoka inogonyana;
achauraya chikara chomugungwa.
2 Pazuva iro,
"Imbai nezvomuzambiringa unobereka:
3 Ini Jehovha ndini ndinouchengeta;
ndinoramba ndichiudiridzira.
Ndinourinda masikati nousiku
kuitira kuti parege kuva neanoukanganisa.
4 Handina kutsamwa.
Dai paingova nerukato neminzwa zvinorwa neni!
Ndaienda kundorwa nazvo;
ndaizvipisa zvose nomoto.
5 Kana kuti ngazviuye zvizovanda kwandiri;
ngazviyanane neni, hongu, ngazviyanane neni."

6 Mumazuva anouya, Jakobho achadzika midzi,
Israeri achabukira uye achatunga maruva,
agozadza nyika yose nomuchero,

7 Ko, Jehovha akamurova here
sezvaanorova avo vakamurova?
Akaurayiwa here
sokuurayiwa kwakaitwa avo vakamuuraya?
8 Muhondo makarwa naye mukamudzinga,
nokurwisa kwake kunotyisa akamudzinga,
sezvinoitika pazuva rinovhuvhuta mhepo yokumabvazuva.
9 Zvino nenzira iyi, mhosva yaJakobho ichadzikinurwa,
uye izvi zvichava chibereko chakazara chokubviswa kwechivi chake:
Paanoita kuti aritari dzose dzifanane namabwe omunyaka akaputswa-putswa,
hapana matanda aAshera kana aritari dzezvinonhuhwira zvichasiyiwa zvakamira.
10 Guta rakakomberedzwa norusvingo rasiyiwa rava dongo,
hwava ugaro hwakasiyiwa,
kufanana nerenje;
mhuru dzofura ikoko, uye ikoko ndiko kwadzinovata;
dzinosiya matavi asisina chinhu.
11 Panooma matavi acho, anovhuniwa,
uye vakadzi vanouya vovesa moto nawo.
Nokuti vanhu ava havana njere;
nokudaro Muiti wavo haachina tsitsi pamusoro pavo,
uye Musiki wavo haangavaitiri nyasha.
12 Pazuva iro Jehovha achapura kubva panoyerera Yufuratesi kusvikira
paRukova rweIjipiti, uye imi vaIsraeri, muchaunganidzwa muchiita
mumwe mumwe. 13 Uye pazuva iro hwamanda huru icharira. Vakanga

vofira muAsiria uye navaya vakanga vatizira kuIjipiti vachauya kuzonamata Jehovha pamusoro pegomo dzvene riri muJerusarema.

# 28

*Nhamo kuna Efuremu*

1 Ine nhamo korona yokuzvikudza, yezvidhakwa zveEfuremu,
neruva rosvava pakubwinya kworunako rwaro,
riri pamusoro pemipata yakaorera
yaavo vakurirwa newaini!
2 Tarira, Ishe ano mumwe ane simba uye anokurira.
Sechimvuramabwe uye nedutu rinoparadza,
sedutu remvura zhinji uye samafashamu emvura inonaya,
achaiwisira pasi nesimba guru.
3 Iya korona, yokuzvikudza yezvidhakwa zveEfuremu,
ichatsikwa-tsikwa pasi petsoka.
4 Ruva riya rosvava pakubwinya kworunako rwaro,
riri pamusoro pomupata wakaorera, richafanana neonde raibva gohwo risati rasvika,
munhu achingoriona, anoritanha noruoko rwake,
obva aridya pakarepo.
5 Pazuva iro Jehovha Wamasimba Ose achava korona inobwinya,
chishongo chakanaka chavanhu vake vakasara.
6 Achava mweya wokururamisira
kuna iye anogara pakutonga,
chitubu chesimba kuna avo
vanodzosera shure vanorwa pasuo.

7 Ivavawo vanodzedzereka newaini
uye vanozengaira nedoro:
Vaprista navaprofita vanodzedzereka nedoro,
uye vanonyonganiswa newaini;
vanozengaira nedoro,
vanodzedzereka pavanoona zviratidzo,
vanogumburwa pakutonga.
8 Tafura dzose dzazara marutsi
uye hapachina nzvimbo isina tsvina.

9 "Ndianiko waachadzidzisa ruzivo?
Ndianiko waanotsanangurira shoko?
Kuvana vakarumurwa pamukaka,
kuna avo vachangobva pazamu here?
10 Nokuti zvinoti:
Chirevo pamusoro pechirevo, chirevo pamusoro pechirevo,
mutsara pamusoro pomutsara, mutsara pamusoro pomutsara,
apa zvishoma, apo zvishoma."

11 Zvirokwazvo, Mwari achataura kurudzi urwu nemitauro yavatorwa,
nendimi dzokumwe,
12 kwavari akati, "Iyi ndiyo nzvimbo yokuzorora,
vakaneta ngavazorore,"
uye, "Iyi ndiyo nzvimbo yorunyararo,"
asi havana kumboteerera.

13 Saka zvino, shoko raJehovha kwavari richava:
Chirevo pamusoro pechirevo, chirevo pamusoro pechirevo,
mutsara pamusoro pomutsara, mutsara pamusoro pomutsara,
apa zvishoma, apo zvishoma,
kuitira kuti vaende vagondowa, vavhunike,
vabatwe nomusungo vagotapwa.

14 Naizvozvo inzwai shoko raJehovha, imi vaseki,
imi vanotonga rudzi urwu muJerusarema.
15 Munozvirumbidza muchiti, "Takaita sungano norufu,
takatenderana neguva.
Shamhu inokukura painouya,
haizotibati,
nokuti nhema takadziita utiziro hwedu,
uye kunyengera takakuita nzvimbo yedu yokuvanda."
16 Saka zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Tarirai ndinoisa ibwe muZioni,
ibwe rakaedzwa,
ibwe rinokosha rapakona kuti rive nheyo yakasimba;
anovimba naro haangavhunduki.
17 Ndichaita kuti kururamisira kuve rwodzi rwokururamisira,
uye kururama ndichakuita chokururamisa nacho;
chimvuramabwe chichakukura utiziro hwenyu, idzo nhema,
uye mvura ichafukidza nzvimbo yenyu yokuvanda.
18 Sungano yenyu norufu ichadzimwa;
chitenderano chenyu neguva hachingamiri.
Shamhu inokukura painouya,
muchakundwa nayo.
19 Nguva nenguva painouya ichakutakurai ichikuendesai kure;
mangwanani achitevera mamwe mangwanani, panguva dzamasikati nenguva dzousiku,
ichakukura."

Kunzwisisa shoko iri
kuchauyisa kutya.
20 Nokuti mubhedha uchava mupfupi pakutandavara,
uye jira richava diki zvokuti munhu haangagoni kufukidzwa naro.
21 Nokuti Jehovha achasimuka sezvaakaita paGomo rePerazimi,
achatsamwa sezvaakaita muMupata weGibheoni,
kuti aite basa rake, iro basa risinganzwisisiki,
uye azadzise basa rake, basa risinganzwisisiki.
22 Zvino chiregai kudada kwenyu,
nokuti ngetani dzenyu dzichanyanya kukuremerai;
Ishe, iye Jehovha Wamasimba Ose,
andiudza pamusoro pokuparadzwa kwakatemwa pamusoro penyika yose.

23 Teererai uye munzwe inzwi rangu;
rerekai nzeve dzenyu munzwe zvandinoreva.
24 Murimi paanorimira kuti agodyara, anoramba achingorima here?
Ko, anoramba achingorima kana kuhara here?
25 Paanoenzanisa munda wake kuti uti chechetere,
haangadyari karawe uye agokusha kumini here?

Haangadyari gorosi munzvimbo yaro,
nebhari mumunda wayo,
nesipereti mumunda wayo here?
26 Nokuti Mwari wake anomurayiridza
uye achamudzidzisa nzira yakanaka.

27 Karawe haipurwi nechireyi,
uye vhiri rengoro harikunguruswi pamusoro pekumini;
karawe inopurwa nemhuro
uye kumini inopurwa norumuti.
28 Zviyo zvinofanira kukuyiwa kuti zviitiswe chingwa;
saka munhu haafaniri kuramba achingopura nokusingaperi.
Kunyange achifambisa mavhiri engoro yake
yokupura pamusoro pazvo, mabhiza ake haazvikuyi.
29 Izvi zvose zvinobvawo kuna Jehovha Wamasimba Ose,
anoshamisa mukurayira uye mukuru kwazvo muuchenjeri.

# 29

*Nhamo kuGuta raDhavhidhi*

1 Une nhamo iwe Arieri, Arieri,
guta raigara Dhavhidhi!
Wedzera gore pagore;
uye regai nguva dzemitambo yenyu dzirambe dziripo.
2 Kunyange zvakadaro, ndichakomba Arieri;
pachava nokuungudza uye nokuchema,
richafanana nechoto chearitari kwandiri.
3 Ndichakukomba kumativi ose;
ndichakukomberedza neshongwe
uye ndichavaka nhare dzokurwa newe.
4 Uchadzikisirwa pasi, uchataura uri pasi;
kutaura kwako kuchabva muguruva.
Inzwi rako richava seresvikiro rinobva pasi muvhu;
kutaura kwako kuchaita zevezeve kuchibva muguruva.
5 Asi vavengi vako vazhinji vachava seguruva rakatsetseka,
vane utsinye vachafanana nehundi inopeperesrwa.
Pakarepo, nokukurumidza
6 Jehovha Wamasimba Ose achauya
nokutinhira nokudengenyeka kwenyika, uye nemheremhere huru,
nechamupupuri, nedutu guru uye nomurazvo womoto unoparadza zvose.
7 Ipapo mhomho dzendudzi dzose dzakawanda dzinorwa neArieri,
dzinorirwisa iro nenhare dzaro uye dzinorikomba,
zvichaita sokurota,
nechiratidzo chinoonekwa usiku,
8 sezvinoitwa nomunhu ane nzara anorota achidya,
asi apepuka, anowana nzara yake ichiripo;
sezvinoita munhu ane nyota anorota achinwa mvura,
asi omuka achiziya, nyota yake isina kupera.
Naizvozvo ndizvo zvichaitawo marudzi ose akawanda
anorwa neGomo reZioni.

9 Katyamarai uye mushamiswe,

zvipofumadzei muve vasingaoni;
dhakwai asi kwete newaini;
dzedzerekai asi kwete nedoro.
10 Jehovha akauyisa pamusoro penyu hope huru;
Akafukidza meso enyu, vaprofita;
akafukidza misoro yenyu, vaoni.

11 Nokuti kwamuri, chiratidzo ichi hachizi chinhu asi mashoko
akanamirwa murugwaro. Uye kana mukapa rugwaro kuno mumwe
munhu anogona kuverenga, mukati kwaari, "Ndapota, verenga izvi,"
achapindura achiti, "Handikwanisi, nokuti rwakanamirwa." 12 Kana kuti
mukapa rugwaro kuno mumwe asingagoni kuverenga, mukati kwaari,
"Ndapota, verenga izvi," achapindura achiti, "Handigoni kuverenga."

13 Ishe anoti:
"Vanhu ava vanoswedera kwandiri nemiromo yavo,
uye vanondikudza nemiromo yavo,
asi mwoyo yavo iri kure neni.
Kundinamata kwavo
kwangova kwemitemo inodzidziswa navanhu chete.
14 Naizvozvo ndichashamisa vanhu ava zvakare
nechishamiso pamusoro pechishamiso;
uchenjeri hwavakachenjera huchaparadzwa,
zivo yavane zivo ichapera."
15 Vane nhamo avo vanosvika kwakadzika dzika
kuti vavanzire Jehovha mano avo,
vanoita mabasa avo murima vachifunga mumwoyo yavo kuti,
"Ndiani anotiona? Ndiani achaziva?"
16 Munoshandura mamiriro ezvinhu,
sezvinonzi muumbi wehari anonzi ndiye ivhu!
Ko, chakaumbwa chingati kuna iye akachiumba,
"Iye haana kundiita?"
Ko, hari ingati kumuumbi,
"Iye haana chaanoziva?"

17 Ko, Rebhanoni haingashandurwi ikava munda wakaorera muchinguva chidiki,
uye munda wakaorera ugoita kunge dondo?
18 Pazuva iro vanamati vachanzwa shoko rorugwaro,
uye meso amapofu achaona
ari pakasviba naparima.
19 Zvakare vanozvininipisa vachafara muna Jehovha;
vanoshayiwa vachafara muMutsvene waIsraeri.
20 Vane utsinye vachaparadzwa,
vaseki vachanyangarika,
uye vose vane ziso rinofarira zvakaipa vachaurayiwa,
21 avo vanopomera munhu mhosva neshoko chete,
vanoisira musungo kuna anoruramisira mudare,
uye nouchapupu hwenhema, vanokonesa kururamisirwa kwavasina mhosva.

22 Naizvozvo izvi ndizvo zvinotaura Jehovha, akadzikinura Abhura-
hama, achiti kuimba yaJakobho:
"Jakobho haachazonyadziswizve;
zviso zvavo hazvichazocheneruki.
23 Pavachaona vana vavo pakati pavo,

iro basa ramaoko angu,
vachachengeta zita rangu muutsvene;
vachaziva utsvene hwoMutsvene waJakobho,
uye vachamira vachitya Mwari waIsraeri.
24 Vakarasika pamweya vachawana njere;
vanonyunyuta vachagamuchira kurayirwa."

# 30

*Rune Nhamo Rudzi Rwakasindimara*

1 "Vane nhamo vana vakasindimara,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"kuna avo vanoita urongwa husati huri hwangu,
vanoita sungano, asi vasingaiti noMweya wangu,
vachiunganidza chivi pamusoro pechivi;
2 vanoenda kuIjipiti
vasina kundibvunza;
vanotsvaka rubatsiro rworudziviriro rwaFaro,
vanotsvaka utiziro kumumvuri weIjipiti.
3 Asi kudzivirira kwaFaro kuchava kunyadziswa kwenyu,
mumvuri weIjipiti uchakuvigirai kunyadziswa,
4 kunyange vaine machinda muZoani
uye nhume dzavo dzasvika muHanesi,
5 mumwe nomumwe wavo achanyadziswa
nokuda kwavanhu vasina betsero kwavari,
vasingavavigiri rubatsiro kana ruyamuro,
asi kunyadziswa chete nokuzvidzwa."
6 Chirevo pamusoro pemhuka dzeNegevhi:
nomunyika yenhamo namatambudziko,
yeshumba neshumbakadzi,
yemvumbi nenyoka dzine hasha uye dzinobhururuka,
nhume dzinotakura pfuma yadzo pamusoro pembongoro,
noupfumi hwadzo pamusoro penyundwa dzengamera,
dzichihuendesa kurudzi rusingabatsiri,
7 kuIjipiti kuno rubatsiro rusina maturo chose.
Naizvozvo ndinomutumidza zita rokuti
Rahabhi Asina Chaanoita.

8 Chienda iye zvino, unovanyorera pahwendefa izvozvo,
uzvinyore murugwaro,
kuti pamazuva anouya
chigova chapupu nokusingaperi.
9 Ava ndivo vanhu vakapanduka, vana vokunyengera,
vana vasingadi kunzwa kurayira kwaJehovha.
10 Vanoti kuvaoni,
"Regai kuonazve zviratidzo!"
nokuvaprofita,
"Regai kutipazve zviratidzo zvezvakanaka!
Tiudzei zvinhu zvinofadza,
muprofite zvinonyengera.
11 Siyai nzira iyi,
ibvai mugwara iri,
murege kuita kuti timisidzane

noMutsvene waIsraeri!”
12 Naizvozvo zvanzi naMutsvene waIsraeri:
“Nokuti makaramba shoko rangu iri,
mukasendamira pakumanikidza
uye mukavimba nokunyengera,
13 chivi ichi chichava kwamuri
sorusvingo, rwakatsemuka nokufutunuka,
runoondomoka pakarepo uye nokukurumidza.
14 Ruchaputsika kuita zvimedu zvimedu sehari,
yakaputswa noutsinye
zvokuti pakati pezvimedu zvayo hapana kuwanikwa chaenga chakasara,
chokugoka mazimbe omoto pachoto
kana chokuchera nacho mvura kubva muchitubu.”
15 Zvanzi naIshe Jehovha, Mutsvene waIsraeri:
“Mukutendeuka nezororo ndimo mune ruponeso rwenyu,
murunyararo nomukuvimba ndimo mune simba renyu,
asi imi makaramba chimwe chazvo.
16 Imi makati, ‘Kwete, tichatiza takatasva mabhiza.’
Naizvozvo muchatiza!
Imi makati, ‘Tichatasva mabhiza anomhanya kwazvo.’
Naizvozvo vadzinganisi venyu vachamhanya kwazvo!
17 Chiuru chimwe chete chichatiza
nokuvhundutsa kwomumwe chete;
imi mose muchatiza
kuvhundutsa kwavashanu,
kusvikira masara
maita sedanda romureza riri pamusoro pegomo,
kuita somureza pamusoro pechikomo.”

18 Asi Jehovha anoshuva kukuitirai nyasha;
anosimuka kuti akuratidzei tsitsi.
Nokuti Jehovha ndiMwari wokururamisira.
Vakaropafadzwa vose vanomurindira!

19 Haiwa imi vanhu veZioni, vanogara muJerusarema, hamuchazochem-
izve. Achava nenyasha sei pamunochemera rubatsiro! Achingozvinzwa,
achakupindurai. 20 Kunyange Ishe achikupai chingwa chenhamo nemvura
yokutambudzika, vadzidzi venyu havachazovanzwizve; muchavaona
nameso enyu pachenyu. 21 Kunyange mukatendeukira kurudyi kana kuru-
boshwe, nzeve dzenyu dzichanzwa inzwi mumashure menyu, richiti, “Iyi
ndiyo nzira, fambai mairi.” 22 Ipapo muchasvibisa zvifananidzo zvenyu
zvakafukidzwa nesirivha nezviumbwa zvenyu zvakafukidzwa negoridhe;
muchazvirasira kure somucheka wakasvibiswa neropa romukadzi ari
kumwedzi kwake muchiti kwazviri, “Ibvai pano!”

23 Achakutumiraiwo mvura yokumeresa mbeu dzamunodyara mu-
vhu, uye zvokudya zvichabva munyika zvichange zvakanyatsosvika uye
zvakawanda kwazvo. Pazuva iro, nzombe dzenyu dzichafura mumafuro
akafaranuka. 24 Nzombe nembongoro dzinorima munda zvichadya
mashanga noupfu, zvakaparadzirwa neforogo nefoshoro. 25 Pazuva
rokuuraya kukuru, panowira shongwe pasi, hova dzemvura dzichayerera
pamusoro pamakomo ose akakwirira napamusoro pezvikomo zvakareba.
26 Mwedzi uchapenya sezuva, uye zuva richapenya kakapetwa kanomwe,

kufanana nechiedza chamazuva manomwe azere, Jehovha paanosunga
mavanga avanhu vake agorapa maronda aakavakuvadza nawo.
27 Tarirai, Zita raJehovha rasvika richibva kure,
rine hasha dzinopfuta moto namakore outsi hwakasviba kuti ndo-o;
miromo yake yakazara nokutsamwa,
uye rurimi rwake moto unoparadza.
28 Kufema kwake kunofanana nokuyerera kwemvura ine simba zhinji,
inokwira ichisvika mumutsipa.
Anozungura ndudzi murusero rwokuparadza;
anoisa mushaya dzavanhu
matomu anovatsausa.
29 Uye muchaimba
sapausiku hwamunopemberera mutambo mutsvene;
mwoyo yenyu ichafara
sezvinoita vanhu vanokwira kugomo raJehovha,
nokuDombo raIsraeri, vachiridza nyere.
30 Jehovha achaita kuti vanhu vanzwe inzwi rake roumambo,
uye achaita kuti vaone ruoko rwake ruchiburuka pasi,
nehasha zhinji nomoto wokuparadza,
nokuputika kwamakore, kunaya kwemvura zhinji nechimvuram-abwe.
31 Inzwi raJehovha richaparadza vaAsiria;
achavarova netsvimbo yake.
32 Shamhu yoga yoga yavacharohwa nayo naJehovha
netsvimbo yake yokuranga,
ichaenderana nerwiyo rwamakandira norudimbwa,
paacharwa navo muhondo noruoko rwake.
33 Tofeti yakanguri yagadzirira;
yakagadzirirwa kare kugamuchira mambo.
Gomba rayo romoto rakadzikiswa rikapamhamiswa,
uye pane moto wakawanda nehuni zhinji;
kufema kwaJehovha,
sorukova runopfuta nesafuri,
kuchazvitungidza.

# 31

*Vane Nhamo Vanovimba neIjipiti*

1 Vane nhamo avo vanoburukira kuIjipiti kundotsvaka rubatsiro,
vanovimba namabhiza,
vanovimba nokuwanda kwengoro dzavo
uye nesimba guru ravatasvi vavo vamabhiza,
asi vasingatariri kuMutsvene waIsraeri,
kana kutsvaka rubatsiro runobva kuna Jehovha.
2 Kunyange zvakadaro naiyewo akachenjera uye anogona kuuyisa njodzi;
haangadzosi mashoko ake.
Iye achamukira imba yavakaipa,
naavo vanobatsira vanoita zvakaipa.
3 Asi vaIjipita vanhu uye havasi Mwari,
mabhiza avo inyama uye haasi mweya.
Zvino panotambanudza Jehovha ruoko rwake,
uyo anobatsira achagumburwa,
uyo achabatsirwa achawa;

vose vachaparara pamwe chete.
4 Zvanzi naJehovha kwandiri:
"Sezvinoita shumba inoomba,
seshumba huru pamusoro pechayabata,
kunyange mhomho yose yavafudzi
ikakokerwa pamwe chete kuzorwa neshumba iyi,
iyo haingavhundutswi noruzha rwavo,
kana kukanganiswa nemhere yavo,
saizvozvo Jehovha Wamasimba Ose achaburukira pamusoro peGomo reZioni
napazvikomo zvaro kuzorwa hondo.
5 Seshiri dzinobhururuka napamusoro,
Jehovha Wamasimba Ose achadzivirira Jerusarema;
acharidzivirira, acharirwira,
achadarika pamusoro paro uye acharisunungura."
6 Dzokerai kuna iye wamakamukira zvikuru, imi vaIsraeri. 7 Nokuti
pazuva iro mumwe nomumwe wenyu acharamba zvifananidzo zvesirivha
negoridhe zvakaitwa namaoko enyu akaipa.
8 "Asiria ichawisirwa pasi nomunondo usati uri womunhu;
munondo, kwete wavanhu, uchavapedza.
Vachatiza pamberi pomunondo
uye majaya avo achaiswa kuchibharo.
9 Nhare dzavo dzakasimba dzichawa nokuda kwokutya;
vatungamiri vavo vachavhundutswa pavachaona mureza wehondo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
ane moto wake paZioni
choto chake chiri muJerusarema.

# 32

*Umambo hwoKururama*

1 Tarirai mambo achatonga nokururama,
uye vatongi vachatonga nokururamisira.
2 Munhu mumwe nomumwe achafanana nenzvimbo yokuvanda kubva kumhepo,
noutiziro kubva pakunaya kwemvura zhinji,
sehova dzemvura mugwenga nomumvuri
webwe guru munyika yafa nenyota.
3 Ipapo meso avose vanoona haachazotsinzini,
uye nzeve dzavanonzwa dzichateerera.
4 Ndangariro dzavanokurumidzira zvinhu dzichaziva uye dzichanzwisisa,
uye vanokakama vachataura zvakanaka uye zvinonzwika.
5 Benzi harichazonzi munhu anokudzwa,
munhu asina maturo haazoremekedzwi.
6 Nokuti benzi rinotaura zvoupenzi,
ndangariro dzaro dzinofunga zvakaipa:
Zvaanoita hazvina umwari
uye anoparadzira zvinhu zvakarasika zvisiri zvaJehovha;
anosiya vane nzara vasina chinhu
uye anonyima mvura vane nyota.
7 Nzira dzousina maturo dzakaipa,
anoita rangano dzakaipa
kuti aparadze varombo nenhema,

kunyange chichemo chaanoshayiwa chakanaka hacho.
8 Asi munhu anokudzwa anoita urongwa hwakanaka,
uye namabasa anokudzwa.

### *Vakadzi veJerusarema*

9 Imi vakadzi musina hanya,
simukai muteerere kwandiri;
imi vanasikana munoti makachengetedzeka,
inzwai zvandinoreva!
10 Gore risati rapera
muchabvunda iyemi munoti makachengetedzeka;
nokuti kuchekwa kwamazambiringa kuchakundikana,
uye kutanhwa kwemichero hakuchasviki.
11 Dederai, imi vakadzi musina hanya;
dederai imi vanasikana munoti makachengetedzeka!
Bvisai nguo dzenyu,
monerai masaga muzviuno zvenyu.
12 Muzvirove zvipfuva nokuda kweminda yakanaka,
nokuda kwezvibereko zvemizambiringa,
13 uye nokuda kwenyika yavanhu vangu,
nyika yamera minzwa norukato,
hongu, mucheme nokuda kwedzimba dzose dzamafaro,
uye nokuda kweguta rinopururudza iri.
14 Nhare dzichasiyiwa,
guta roruzha richasara risina munhu;
nhare neshongwe zvichava dongo nokusingaperi,
mufaro wembongoro, namafuro ezvipfuwo,
15 kusvikira Mweya wadururirwa pamusoro pedu uchibva kumusoro,
uye gwenga rava nyika yakaorera,
nemunda wakaorera wava sesango.
16 Kururamisira kuchagara kugwenga
uye kururama kuchagara kumunda wakaorera.
17 Chibereko chokururama chichava rugare;
uye chibereko chokururama chichava runyararo nokuvimba nokusingaperi.
18 Vanhu vangu vachagara munzvimbo dzorugare,
mumisha yakachengetedzeka,
munzvimbo dzokuzorora dzakadzikama.
19 Kunyange chimvuramabwe chikafukidza sango,
neguta rikaparadzwa zvachose,
20 ucharopafadzwa zvakadiniko,
uchidyara mbeu dzako pedyo nehova dzose,
uye uchiregа mombe nembongoro dzako zvichifura zvakasununguka!

# 33

### *Kutambudzika noKubatsirwa*

1 Une nhamo iwe, muparadzi,
iyewe usati wamboparadzwa!
Une nhamo iwe, mupanduki,
iyewe usati wambopandukirwa!
Paunorega kuparadza,
iwe uchaparadzwa;

paunorega kupandukira,
iwe uchapandukirwa.
2 Haiwa Jehovha, tinzwirei tsitsi;
tinokupangai imi.
Ivai simba redu mangwanani oga oga,
noruponeso rwedu panguva yokutambudzika.
3 Pakutinhira kwenzwi renyu, ndudzi dzinotiza;
pamunosimuka, marudzi anopararira.
4 Haiwa imi ndudzi, zvakapambwa zvenyu zvachekwa kunge zvachekwa
nemhashu diki;
vanhu vanomhanyira kwazviri segwatakwata remhashu.

5 Jehovha asimudzirwa, iye anogara kumusoro;
achazadza Zioni nokururamisira nokururama.
6 Achava nheyo yechokwadi yenguva yenyu,
nedura repfuma yoruponeso, uchenjeri nezivo;
kiyi yepfuma iyi ndiko kutya Jehovha.

7 Tarirai, mhare dzavo dzinodanidzira munzira dzomumisha;
nhume dzorugare dzinochema zvikuru.
8 Migwagwa mikuru yasiyiwa,
vafambi havachisimo mumigwagwa.
Sungano yaputswa,
zvapupu zvayo zvazvidzwa,
hapachina anoremekedzwa.
9 Nyika inochema uye yoparara,
Rebhanoni yanyadziswa uye yasvava;
Sharoni yafanana neArabha,
uye Bhashani neKarimeri dzakurumuka mashizha adzo.

10 “Zvino ini ndichasimuka,” ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Zvino ini ndichakudzwa;
zvino ini ndichasimudzirwa pamusoro.
11 Munoita mimba yehundi,
munobereka mashanga;
kufema kwenyu ndiwo moto unokuparadzai.
12 Marudzi achapiswa kunge suko;
vacharirima kunge huni dzeminzwa dzakatemwa.”

13 Imi vari kure, inzwai zvandakaita;
imi vari pedyo, bvumai kuti ndine simba!
14 Vatadzi vari muZioni vavhundutswa;
vasina Mwari vodedera:
“Ndianiko pakati pedu
angagare nomoto unopisa nokusingaperi?”
15 Iye anofamba nokururama
uye anotaura zvakanaka,
anoramba pfuma inobva pakumanikidza
uye anodzivisa ruoko rwake kugamuchira fufuro,
anodzivisa nzeve dzake kunzwa rangano dzokuuraya,
uye anotsinzina meso ake kuti arege kuona zvakaipa,
16 uyu ndiye munhu achagara pakakwirira,

nhare dzegomo dzichava utiziro hwake.
Zvokudya zvake achazvipiwa,
uye haangashayiwi mvura.

17 Meso ako achaona mambo pakunaka kwake;
uye achatarira nyika yakakura kwazvo.
18 Mundangariro dzako ucharangarira zvaimbokutyisa ugoti:
“Aripiko muchinda mukuru uya?
Aripiko uya aimbotora mutero?
Aripiko muchinda aiva mutariri weshongwe?”
19 Vanhu vaya vokuzvikudza hauchazovaonazve,
ivo vanhu vomutauro wakavanzika,
vorurimi rwavo, rusinganzwiki.

20 Tarirai Zioni, iro guta remitambo yedu;
meso enyu achaona Jerusarema,
ugaro hworunyararo, tende risingazozungunuswi;
mbambo dzaro hadzingadzurwi,
kana mabote aro kudamburwa.
21 Asi Jehovha achava Wamasimba Ose kwatiri.
Richafanana nenzvimbo yenzizi dzakapamhamha uye nehova.
Magwa anokwasviwa haangasvikiko,
uye zvikepe zvikuru hazvingapfuuri.
22 Nokuti Jehovha ndiye mutongi wedu,
Jehovha ndiye anotipa murayiro,
Jehovha ndiye mambo wedu;
ndiye achatiponesa.

23 Mabote ako ava dembutembu:
Haagoni kusimbisa mbambo yechikepe,
sairi harina kutambanudzwa.
Ipapo zvakapambwa zvakawanda zvichagoverwa,
uye kunyange chirema chichawanawo zvakapambwa.
24 Hapana agere muZioni achati, “Ndinorwara,”
uye zvivi zvavanogaramo zvicharegererwa.

# 34

*Kutongwa kweNdudzi*

1 Swederai pedyo, imi ndudzi dzavanhu, munzwe.
Teererai, imi vanhu!
Nyika ngainzwe, nezvose zviri mairi,
pasi pose, nezvose zvinobudamo!
2 Jehovha akatsamwira ndudzi dzose;
hasha dzake dziri pamusoro pehondo dzavo dzose.
Achavaparadza chose,
achaita kuti vaurayiwe.
3 Vakaurayiwa vavo vacharasirwa kunze,
mitumbi yavo ichanhuhwa;
makomo achanyorova neropa ravo.
4 Nyeredzi dzokudenga dzose dzichanyungudika,
uye denga richapetwa sorugwaro;
marudzi ose enyeredzi achawa

samashizha akaoma abva pamuzambiringa,
samaonde akasvava abva pamuonde.
5 Munondo wangu wakanwa ukaguta kumatenga;
tarirai, unoburukira kuzotonga Edhomu,
vanhu vandakaparadza chose.
6 Munondo waJehovha wakanyura muropa,
wakafukidzwa namafuta,
iro ropa ramakwayana nerembudzi,
namafuta anobva paitsvo dzamakondobwe.
Nokuti Jehovha ane chibayiro muBozira
uye nokuuraya kukuru muEdhomu.
7 Nyati dzichawa pamwe navo
nehono dzemhuru nehando huru.
Nyika yavo ichanyorova neropa,
uye guruva richazara mafuta.

8 Nokuti Jehovha ane zuva rokutsiva
negore rokuripira kuti atsigire zvinodiwa neZioni.
9 Hova dzeEdhomu dzichashanduka kuva namo,
guruva rayo richapisa sesafuri;
nyika yayo ichava namo inopfuta!
10 Haingadzimwi usiku namasikati;
utsi hwayo huchakwira nokusingaperi.
Richava dongo kubva kune chimwe chizvarwa kusvikira kune chimwe chizvarwa;
hapana munhu achazopfuura napozve.
11 Asi zvichava zvezizi romugwenga nehukurwizi;
zizi guru negunguo zvichaita matenderemo.
Mwari achatambanudzira Edhomu
rwodzi rwokuyera,
rwenyonganiso nerwokuparadza.
12 Makurukota ake haazovi nechinhu ikoko chingazonzi umambo,
machinda ake ose achapera.
13 Minzwa ichatandira nhare dzayo,
utumbambeva norukato munzvimbo dzayo dzakakomberedzwa.
Ichava ugaro hwamakava,
nomusha wamazizi.
14 Zvikara zvomugwenga zvichasangana namapere,
uye ngururu dzichadaidzirana;
zvikara zvousiku zvichazororapo,
uye zvichazviwanira nzvimbo yokuzorora.
15 Zizi richaita dendere rigokandira mazaipo,
richaachochonyerapo, rigochengeta mazana aro pasi pomumvuri wamapapiro aro;
makondo achaunganapo,
rimwe nerimwe neshamwari yaro.
16 Tarirai murugwaro rwaJehovha mugorava:
Hapana chimwe chezvinhu izvi chichashayikwa,
kana chichashaya shamwari.
Nokuti muromo wake ndiwo warayira izvozvo,
uye Mweya wake uchavaunganidza pamwe chete.
17 Anozvigovera migove yazvo;

ruoko rwake runozvigovera nechiyero.
Zvichava zvazvo nokusingaperi
uye zvichagaramo kubva kune chimwe chizvarwa kusvikira kune chimwe chizvarwa.

# 35

*Mufaro waVakadzikinurwa*

1 Gwenga nenyika yakaoma zvichafara;
sango richafara kwazvo uye richatumbuka;
seruva, 2 richatumbuka;
richafara zvikuru uye richapembera nomufaro.
Mbiri yeRebhanoni ichapiwa kwariri,
kunaka kweKarimeri neSharoni;
vachaona kubwinya kwaJehovha,
nokunaka kwaMwari wedu.
3 Simbisai maoko asina simba,
tsigirai mabvi anodedera;
4 muti kuna avo vane mwoyo inotya,
"Simbai, musatya;
Mwari wenyu achauya,
achauya nokutsiva,
nokuripira kutsvene
achauya kuzokuponesai."

5 Ipapo meso amapofu achasvinudzwa
uye nzeve dzematsi dzichazarurwa.
6 Ipapo akaremara achakwakuka senondo,
uye rurimi rwechimumu ruchaimba nomufaro.
Mvura ichatubuka murenje,
uye nehova dzemvura mugwenga.
7 Jecha rinopisa richashanduka rikava dziva,
ivhu rine nyota richava zvitubu zvemvura.
Maigara makava noumo maaimbovata,
muchamera uswa, netsanga nenhokwe.

8 Ipapo pachava nomugwagwa;
uchanzi Nzira yoUtsvene.
Vane tsvina havangazofambi mairi;
ichava yaivavo vanofamba muNzira iyoyo;
vakaipa namapenzi havangazofambi mairi.
9 Hapangavi neshumba ipapo,
kana chikara chipi zvacho chichawanikwapo.
Asi vakadzikinurwa voga ndivo vachafambamo,
10 uye vakasunungurwa vaJehovha vachadzoka.
Vachapinda muZioni vachiimba;
mufaro usingaperi uchava pamusoro pavo.
Vachawana mufaro nokufarisisa,
kusuwa nokuneta zvichatiza.

# 36

*Senakeribhi anovhundutsira Jerusarema*

1 Mugore regumi namana rokutonga kwaMambo Hezekia, Senakeribhi
mambo weAsiria akarwisa maguta ose akakomberedzwa aJudha akaa-
pamba. 2 Ipapo mambo weAsiria akatuma mukuru wehondo yake
nehondo huru achibva kuRakishi kuna Mambo Hezekia muJerusarema.
Mukuru wehondo akati amira pamugero weDziva roKumusoro, pamug-
wagwa unoenda kuMunda woMusuki, 3 ipapo Eriakimu mwanakomana
waHirikia, mufambisi webasa mumuzinda wamambo, naShebhina mun-
yori, naJoa mwanakomana waAsafi munyori wenhoroondo, akabuda
kundosangana naye.
4 Mukuru wehondo akati kwavari, "Udzai Hezekia kuti:
" 'Zvanzi namambo mukuru, iye mambo weAsiria: Uri kuvimba nei
chaizvo? 5 Iwe unoti une urongwa nesimba rokurwa, asi uri kutaura
mashoko asina maturo. Ko, unovimba naaniko, zvawandimukira?
6 Tarira zvino, unovimba neIjipiti, ruya rushanga rwomudonzvo
rwakavhunika, runobaya ruoko rwomunhu nokumupa vanga kana
azendamira parwuri! Ndizvo zvakaita Faro mambo weIjipiti kuna vose
vanovimba naye. 7 Asi kana ukati kwandiri, "Isu tinovimba naJehovha
Mwari wedu," haasi iye here ane nzvimbo dzakakwirira nearitari
dzakabviswa naHezekia, iye akati kuJudha neJerusarema, "Munofanira
kunamata pamberi pearitari iyi"?
8 " 'Zvino chiuya, ita sungano natenzi wangu, mambo weAsiria:
Ndichakupa mabhiza anokwana zviuru zviviri, kana ukagona kuisa
vatasvi pamusoro pawo! 9 Ungagona seiko kukunda mubati mumwe
wavabati vadiki vatenzi vangu, kunyange uchivimba nengoro dzeIjipiti
navatasvi vadzo vamabhiza? 10 Pamusoro pezvo, ndauya kuzorwa
nenyika ino nokuiparadza ndisina Jehovha here? Jehovha pachake
andiudza kuti ndiuye munyika ino ndizoiparadza.' "
11 Ipapo Eriakimu, naShebhina, naJoa vakati kumukuru wehondo,
"Tapota hedu, taurai kuvaranda venyu norurimi rwechiAramu, sezvo
tichirunzwa. Musataura nesu nechiHebheru vanhu vari parusvingo
vachinzwa."
12 Asi mukuru wehondo akapindura akati, "Ko, ndakatumwa natenzi
wangu kuna tenzi wenyu nemi chete ndisingatauriwo kuvarume vagere
parusvingo, ivo vanofanira kudya tsvina yavo nokunwa mvura yavo
kufanana nemi here?"
13 Ipapo mukuru wehondo akasimuka akadanidzira nechiHebheru
achiti, "Inzwai mashoko amambo mukuru, mambo weAsiria! 14 Zvanzi
namambo: Musarega Hezekia achikunyengerai. Iye haangagoni kukur-
wirai! 15 Musarega Hezekia achikunyengetedzai kuti muvimbe naJehovha
achiti, 'Jehovha achakurwirai zvirokwazvo; guta rino harizoiswa muruoko
rwamambo weAsiria.'
16 "Musateerera Hezekia. Zvanzi namambo weAsiria: Itai rugare neni
mugouya kwandiri. Ipapo mumwe nomumwe wenyu achadya zvinobva
pamuzambiringa wake napamuonde wake uye achanwa mvura inobva
muchitubu chake, 17 kusvikira ndauya ndizokutorai, ndigokuendesai
kunyika yakaita seyenyu, nyika ine zviyo newaini itsva, nyika ine chingwa
neminda yemizambiringa.
18 "Musarega Hezekia achikutsausai achiti, 'Jehovha achatirwira.'
Ndimwari weipi nyika zvayo akamborwira nyika yake muruoko rwa-
mambo weAsiria? 19 Vamwari veHamati neAripadhi varipi? Vamwari
veSefarivhaimi varipi? Vakarwira Samaria muruoko rwangu here?
20 Ndavapi pakati pavamwari vendudzi dzose vakambogona kuponesa

nyika dzavo kubva kwandiri? Ko, Jehovha achagona seiko kurwira
Jerusarema muruoko rwangu?”
21 Asi vanhu vakaramba vanyerere, vakasapindura chinhu, nokuti
mambo akanga arayira achiti, “Musamupindura.”
22 Ipapo Eriakimu mwanakomana waHirikia mutariri womuzinda wa-
mambo, naShebhina munyori, naJoa mwanakomana waAsafi munyori
wenhoroondo vakaenda kuna Hezekia, nenguo dzavo dzakabvaruka,
vakamuudza zvakanga zvataurwa nomukuru wehondo.

# 37

*Kusunungurwa kweJerusarema kunoprofitwa*

1 Mambo Hezekia akati anzwa izvi, akabvarura nguo dzake akafuka
masaga akapinda mutemberi yaJehovha. 2 Akatuma Eriakimu mutariri
womuzinda wamambo, naShebhina munyori, navakuru vavaprista, vose
vakapfeka masaga, kumuprofita Isaya mwanakomana waAmozi. 3 Vakati
kwaari, “Zvanzi naHezekia: Nhasi izuva renhamo nokutukwa uye
kunyadziswa, sezvinoitika kana vana vakasvika pakuzvarwa asi simba
rokusununguka pasina. 4 Zvimwe Jehovha Mwari wenyu achanzwa
mashoko omukuru wehondo, akatumwa naishe wake, mambo weAsiria,
kuzomhura Mwari mupenyu, uye kuti azomutuka pamusoro pamashoko
aakanzwa iye Jehovha Mwari wenyu. Naizvozvo nyengetererai vakasara
vari vapenyu.”
5 Vabati vaHezekia vakati vasvika kuna Isaya, 6 Isaya akati kwavari,
“Udzai ishe wenyu kuti, ‘Zvanzi naJehovha: Usatya hako zvawakanzwa,
mashoko andakamhurwa nawo navaranda vamambo weAsiria. 7 Teererai!
Ndichaisa mweya maari wokuti akangonzwa rimwe guhu, achadzokera
kunyika yake, uye ikoko, ndichaita kuti aurayiwe nomunondo.’ ”
8 Mukuru wehondo akati anzwa kuti mambo weAsiria akanga abva
kuBhakishi, akadzoka akawana mambo achirwa neRibhina.
9 Zvino Senakeribhi akagamuchira mashoko okuti Tirihaka, muE-
tiopia mambo weIjipiti, akanga achiuya kuzorwa naye. Akati anzwa
izvozvo, akatuma nhume kuna mambo Hezekia neshoko iri rokuti:
10 “Udzai Hezekia mambo weJudha muti: Mwari waunovimba naye
ngaarege kukunyengera achiti, ‘Jerusarema harizoiswa muruoko rwa-
mambo weAsiria.’ 11 Zvirokwazvo wakanzwa zvakaitwa namadzimambo
eAsiria kunyika dzose vachidziparadza chose. Zvino iwe ucharwirwa
here? 12 Ko, vamwari vamamwe marudzi akaparadzwa namadzibaba
angu vakavarwira here, vamwari veGezani, neHarani neRezefi navanhu
vokuEdheni vakanga vari kuTeri Asari? 13 Mambo weHamati aripiko,
namambo weArifadhi namambo weguta reSefarivhaimi, kana Hena kana
Ivha?”

*Munyengetero waHezekia*

14 Hezekia akagamuchira tsamba kubva mumaoko enhume, akaiv-
erenga. Ipapo akakwidza kutemberi yaJehovha akaitambanudza pam-
beri paJehovha. 15 Uye Hezekia akanyengetera kuna Jehovha achiti,
16 “Haiwa Jehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri, mugere pakati
pamakerubhimi, imi moga ndimi Mwari aripo pamusoro poumambo
hwose hwenyika. Makasika denga nepasi. 17 Rerekai nzeve yenyu,
Jehovha, munzwe; zarurai meso enyu, Jehovha muone; teererai mashoko
ose aSenakeribhi aakatuma kuzozvidza nawo Mwari mupenyu.

18 “Ichokwadi, Jehovha, kuti madzimambo eAsiria akaparadza chose
ndudzi idzi dzose nenyika dzadzo. 19 Vakakanda vamwari vavo mu-
moto vakavaparadza, nokuti vakanga vasiri vamwari asi matanda chete
namatombo akaitwa namaoko avanhu. 20 Zvino, Jehovha Mwari wedu,
tidzikinurei kubva muruoko rwake, kuitira kuti madzimambo ose enyika
azive kuti imi moga, Jehovha, ndimi Mwari.”

### *Kuwa kwaSenakeribhi*

21 Ipapo Isaya mwanakomana waAmozi akatumira shoko kuna
Hezekia achiti, “Zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri: Nokuda kwokuti
wanyengetera kwandiri pamusoro paSenakeribhi mambo weAsiria, 22 heri
shoko rakataurwa naJehovha pamusoro pake:

“Mhandara Mwanasikana weZioni
anokuzvidza uye anokuseka.
Mwanasikana weJerusarema
anokudzungudzira musoro wake paunenge uchitiza.
23 Ndianiko wawatuka uye ukamhura?
Ndianiko wawasimudzira inzwi rako,
uye ukasimudzira meso ako uchizvikudza?
Ndiye Mutsvene waIsraeri!
24 Navaranda vako watutira
kutuka pamusoro paIshe.
Uye wakati,
‘Nengoro dzangu zhinji
ndakakwira makomo marefu,
kumusoro-soro kweRebhanoni.
Ndakatema misidhari yayo mirefu refu,
nemisipuresi yayo yakanakisisa.
Ndakasvika kumusoro-soro kwayo,
nokumasango ayo akanakisisa.
25 Ndakachera matsime munyika yavamwe,
ndikanwa mvura imomo.
Netsoka dzangu
ndakapwisa hova dzose dzeIjipiti.’

26 “Hauna kunzwa here?
Izvi ndakazviita kare.
Ndakazvironga pamazuva akare;
zvino ndaita kuti zviitike,
nokuti wakaparadza maguta akakomberedzwa
akava mirwi yamatombo.
27 Vanhu vawo, vapererwa nesimba,
vavhundutswa uye vanyadziswa.
Vafanana nembeu mumunda,
namabukira manyoro,
sebundo ramera padenga remba,
ratsva risati rakura.

28 “Asi ndinoziva paunogara
uye nguva yaunouya neyaunoenda
uye kuti unondiitira hasha zvakadii.
29 Nokuda kwehasha dzako kwandiri
uye nokuda kwokuti kusateerera kwako kwasvika munzeve dzangu,

ndichaisa chiredzo changu mumhuno dzako
namatomu angu mumuromo mako,
uye ndichaita kuti udzokere
nenzira yawakauya nayo.
30 “Ichi ndicho chichava chiratidzo kuvarwi, iwe Hezekia:
“Gore rino muchadya zvinomera zvoga,
uye mugore rinotevera muchadya mabukira azvo.
Asi mugore rechitatu mudyare mugokohwa,
mudyare minda yemizambiringa mugodya michero yayo.
31 Zvakare, vakasara veimba yaJudha vachava nemidzi pasi
uye vachabereka michero kumusoro.
32 Nokuti muJerusarema muchabuda vachasara,
uye muZioni muchabuda boka ravachapunyuka.
Kushingaira kwaJehovha
kuchazviita.
33 “Naizvozvo zvanzi naJehovha pamusoro pamambo weAsiria,
“Haazopindi muguta iri
kana kupfura museve pano.
Haazosviki mberi kwaro nenhoo
kana kuvaka gomo revhu pariri.
34 Achadzokera nenzira yaakauya nayo;
haazopindi muguta rino,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
35 “Ndichadzivirira guta rino uye ndichariponesa,
nokuda kwangu uye nokuda kwaDhavhidhi muranda wangu!”
36 Ipapo mutumwa waJehovha akabuda akauraya varume zviuru
zana namakumi masere nezvishanu pamusasa wavaAsiria. Vanhu
vakati vachimuka mangwanani, onei mitumbi yavakafa! 37 Naizvozvo
Senakeribhi mambo weAsiria akaputsa musasa. Akadzokera kuNinevhe
akandogara ikoko.
38 Mumwe musi achinamata ari mutemberi yamwari wake Nisiroki,
Adhiramereki naSharezeri, vanakomana vake vakamuuraya nomunondo,
ndokutizira kunyika yeArarati. Mwanakomana waEsarihadhoni aka-
mutevera paushe.

# 38

*Kurwara kwaHezekia*

1 Mumazuva iwayo Hezekia akarwara kusvikira oda kufa. Muprofita
Isaya mwanakomana waAmozi akaenda kwaari akati, “Zvanzi naJehovha:
Gadzirisa zveimba yako, nokuti uri kuzofa; hausi kuzopona.”
2 Hezekia akatendeukira kumadziro akanyengetera kuna Jehovha achiti,
3 “Rangarirai henyu, Jehovha, kuti ndakafamba sei nokutendeka pamberi
penyu nomwoyo wose nechokwadi uye ndikaita zvakanaka pamberi
penyu.” Hezekia akachema kwazvo.
4 Ipapo shoko raJehovha rakauya kuna Isaya richiti, 5 “Enda undoti kuna
Hezekia, ‘Zvanzi naJehovha, Mwari wababa vako Dhavhidhi: Ndanzwa
munyengetero wako uye ndaona misodzi yako; ndichawedzera makore
gumi namashanu paupenyu hwako. 6 Uye ndichakurwira iwe neguta rino
kubva muruoko rwamambo weAsiria. Ndicharwira guta rino.
7 “ ‘Ichi ndicho chiratidzo chaJehovha kwauri kuti Jehovha achaita
zvose zvaakavimbisa: 8 Ndichaita kuti mumvuri waitwa pazuva udzokere

shure nhambwe gumi pamutaro wawanga wafamba pamanera aAhazi.' "
Saizvozvo zuva rakadzokera shure nhambwe gumi dzarakanga radzika.
9 Chinyorwa chaHezekia mambo weJudha mushure mokurwara noku-
pora kwake:
10 Ndakati, "Mazuva oupenyu hwangu
achangotanga ndingafanira kupinda mumasuo orufu here?
Ndigotorerwa makore angu asara here?"
11 Ndakati, "Handichazoonizve Jehovha,
iye Jehovha, munyika yavapenyu;
handichazotarisizve kuvanhu
kana kuva naavo vagere munyika ino zvino.
12 Setende romufudzi, imba yangu
yakoromorwa uye yatorwa.
Somuruki ndapeta upenyu hwangu,
uye iye andigura kubva pachirukiso;
masikati namadekwana makaita kuti ndigume.
13 Ndakamirira nomwoyo murefu kusvikira mambakwedza,
asi iye akavhuna mapfupa angu ose kufanana nezvinoitwa neshumba;
masikati namadekwana makaita kuti ndigume.
14 Ndakarira senyenganyenga kana kondo.
Ndakachema sokuchema kunoita njiva.
Meso angu akaneta nokutarisa kudenga.
Haiwa Jehovha, ndine nhamo, uyai mundinunure!"

15 Asi ndingati kudiniko?
Iye ataura neni, uye iye ndiye aita izvi.
Ndichafamba nokuzvininipisa pamakore angu ose,
nokuda kwokurwadziwa kwomwoyo wangu.
16 Ishe, vanhu vanorarama nezvinhu zvakadai;
uye mweya wangu unowana upenyu mazviriwo.
Makandiporesa
mukandiraramisa.
17 Zvirokwazvo kutambudzika kwangu kukuru
kwakandivigira rugare.
Murudo rwenyu makandirwira
pagomba rokuparadzwa;
makaisa zvivi zvangu zvose
shure kwenyu,
18 Nokuti guva haringagoni kukurumbidzai,
rufu harugoni kukurumbidzai nenziyo;
vanodzika kugomba
havangagoni kutarisira kutendeka kwenyu.
19 Vapenyu, ivo vapenyu,
ndivo vanokurumbidzai,
sezvandiri kuita iye nhasi;
madzibaba anoudza vana vavo nezvokutendeka kwenyu.

20 Jehovha achandiponesa,
uye tichaimba nemitengeranwa,
mazuva ose oupenyu hwedu
mutemberi yaJehovha.

21 Zvino Isaya akanga ati, “Gadzirai bundu ramaonde mugoriisa pamota,
uye achapora.”

22 Hezekia akanga abvunza achiti, “Chiratidzo chichava chei chokuti
ndiende kutemberi yaJehovha?”

# 39

*Nhume dzakabva kuBhabhironi*

1 Panguva iyoyo Merodhaki-Bharadhani mwanakomana waBharadhani
mambo weBhabhironi, akatumira matsamba nechipo kuna Hezekia,
nokuti akanga anzwa nezvokurwara nokupora kwake. 2 Hezekia ak-
agamuchira nhume nomufaro akavaratidza zvakanga zviri mumatura
ake: sirivha, goridhe, zvinonhuhwira namafuta anokosha nenhumbi
dzake dzose dzokurwa uye nezvose zvaiwanikwa papfuma yake. Hapana
chinhu mumuzinda wake kana muumambo hwake chavasina kuratidzwa
naHezekia.

3 Ipapo muprofita Isaya akaenda kuna Mambo Hezekia akabvunza
achiti, “Varume avo vakati kudini, uye vakabvepi?”

Hezekia akapindura achiti, “Vakabva kunyika iri kure. Vakauya
kwandiri vachibva kuBhabhironi.”

4 Muprofita akamubvunza achiti, “Vakaoneiko mumuzinda menyu?”

Hezekia akati, “Vakaona zvose zviri mumuzinda mangu. Pakati
pepfuma yangu hapana chandisina kuvaratidza.”

5 Ipapo Isaya akati kuna Hezekia, “Inzwa shoko raJehovha Wamasimba
Ose: 6 Zvirokwazvo nguva ichauya iyo zvose zviri mumba mako, nezvose
zvakaunganidzwa namadzibaba ako kusvikira nhasi, zvichatakurwa
zvichiendeswa kuBhabhironi. Hapana chichasara, ndizvo zvinotaura
Jehovha. 7 Uye vamwe vavana vako, venyama neropa rako chairo
vauchabereka, vachatorwa uye vachava varanda mumuzinda wamambo
weBhabhironi.”

8 Hezekia akapindura achiti, “Shoko raJehovha rawataura rakanaka.”
Nokuti akafunga kuti, “Pachava norugare nokudzivirirwa pamazuva
oupenyu hwangu.”

# 40

*Kunyaradzwa kwaVanhu vaMwari*

1 Nyaradzai, nyaradzai vanhu vangu,
ndizvo zvinotaura Mwari wenyu.
2 Taurai nounyoro kuJerusarema,
mudanidzire kwariri
kuti kubata kwaro kukuru kwapera,
uye kuti chivi charo charipirwa,
kuti ragamuchira kubva muruoko rwaJehovha
zvakapetwa kaviri pamusoro pezvivi zvaro.
3 Inzwi rounodanidzira achiti,
“Gadzirai nzira yaJehovha
mugwenga,
ruramisai mugwagwa
waMwari wedu murenje.
4 Mipata yose ichasimudzirwa,
makomo ose nezvikomo zvichaenzaniswa;
nzvimbo dzisakaenzana dzichava bani.

5 Uye kubwinya kwaJehovha kucharatidzwa,
uye marudzi ose avanhu achazviona.
Nokuti muromo waJehovha wazvitaura."

6 Inzwi rinoti, "Danidzirai."
Ini ndokuti, "Ndodanidzireiko?"

"Vanhu vose vakaita souswa,
uye kubwinya kwavo kwose kwakaita samaruva omunda.
7 Uswa hunooma uye maruva anowa,
nokuti mweya waJehovha unofuridzira pamusoro pazvo.
Zvirokwazvo vanhu uswa.
8 Uswa hunooma uye maruva anowa,
asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi."

9 Imi munoparidzira Zioni zvinhu zvakanaka,
kwirai pagomo refu.
Imi munoparidzira Jerusarema mashoko akanaka,
danidzirai nesimba, musatya;
muti kumaguta eJudha, "Hoyu Mwari wenyu!"
10 Tarirai, Ishe Jehovha ari kuuya nesimba,
uye ruoko rwake runomubatira ushe.
Tarirai, mubayiro wake anawo,
uye zvaanoripira nazvo anazvo.
11 Anofudza makwai ake somufudzi:
Anounganidza makwayana mumaoko ake
agoatakurira pedyo nomwoyo wake;
zvinyoronyoro anotungamirira nhunzvi dzinonwisa.

12 Ndianiko akayera mvura zhinji muchanza chake,
kana kuyera denga noupamhi hwechanza chake?
Ndianiko akaisa guruva rose rapasi mudengu,
kana kuyera kurema kwamakomo nechiyero,
nezvikomo pachiyero?
13 Ndiani akanzwisisa murangariro waJehovha,
kana kumudzidzisa somudzidzisi wake?
14 Ndiani akabvunzwa naJehovha kuti amujekesere,
uye ndiani akamudzidzisa nzira yakanaka?
Ndianiko akamudzidzisa ruzivo
kana kumuratidza nzira yokunzwisisa?

15 Zvirokwazvo ndudzi dzavanhu dzakaita sedonhwe remvura riri muchirongo;
vanongova seguruva riri pamusoro pechiyero;
anoyera zviwi kunge guruva rakatsetseka.
16 Rebhanoni harina huni dzinoringana kuvesa moto wearitari,
uye zvipfuwo zvaro hazvikwani kuita chipiriso chinopiswa.
17 Ndudzi dzose dzakaita sepasina chinhu pamberi pake;
iye anodziona sedzisina maturo,
kunge dzisipo.

18 Zvino, mungafananidza Mwari naaniko?

Ndoupi mufananidzo wamungamuenzanisa nawo?
19 Kana chiri chifananidzo, muumbi anochiumba,
mupfuri wegoridhe ochinamira negoridhe,
uye anochiitira uketani hwesirivha.
20 Murombo anoshayiwa chipo
anosarudza danda risingaori.
Anotsvaka mhizha kuti
imuvezere chifananidzo chisingazozungunuki.

21 Hamuzivi here?
Hamuna kunzwa here?
Hamuna kumbozviudzwa kubva pakutanga here?
Hamuna kunzwisisa kubva pakuvamba kwenyika here?
22 Anogara samambo pamusoro pedenderedzwa renyika,
uye vanhu vayo vakaita semhashu.
Anotambanudza matenga setende,
agoawaridzira setende kuti agaremo.
23 Anoita kuti machinda ave pasina,
uye anoderedza vatongi venyika ino kuti vave pasina.
24 Vachangosimwa, vachangodyarwa,
vachangodzika midzi muvhu,
iye anofuridza pamusoro pavo vachibva vaoma, uye chamupupuri chinovakukura sehundi.

25 "Mungandienzanisa naaniko?
Kana kuti ndiani akaenzana neni?" ndizvo zvinotaura Iye Mutsvene.
26 Simudzai meso enyu mutarire kumatenga.
Ndianiko akasika zvose izvi?
Iye anobudisa nyeredzi imwe imwe,
achidzidana imwe neimwe nezita rayo.
Nokuda kwesimba rake guru uye noukuru hwesimba rake,
hapana kana imwe zvayo inoshayikwa.

27 Unoreveiko, iwe Jakobho,
unogunun'una chii, iwe Israeri uchiti,
"Nzira yangu haizivikanwi naJehovha;
Mwari wangu haana hanya nezvandinorwira?"
28 Hauzivi here?
Hauna kunzwa here?
Jehovha ndiye Mwari nokusingaperi,
Musiki wamagumo enyika.
Haaneti kana kuziya,
uye hakuna angayera kunzwisisa kwake.
29 Anopa simba kuna vakarukutika,
uye anowedzera simba kuna vasina simba.
30 Kunyange majaya anoneta uye anorukutika,
uye majaya anogumburwa agowa;
31 asi avo vane tariro muna Jehovha
vachavandudza simba ravo.
Vachabhururuka namapapiro samakondo;
vachamhanya vasinganeti;
vachafamba vasingaziyi.

# 41

*Mubatsiri waIsraeri*

1 "Nyararai pamberi pangu, imi zviwi!
Ndudzi ngadzivandudze simba radzo!
Ngadziswedere mberi dzitaure;
ngatisanganei pamwe chete panzvimbo inotongerwa mhaka.

2 "Ndianiko akamutsa mumwe kubva kumabvazuva,
akamudana nokururama kuushumiri hwake?
Anopa ndudzi kwaari,
uye anoisa madzimambo pasi pake.
Anovashandura vagova guruva nomunondo wake,
vagova hundi inopeperesswa nemhepo nouta hwake.
3 Anovadzinganisa agopfuurira mberi asina vanga,
nenzira yaasina kumbotsika netsoka dzake kare.
4 Ndiani akabata basa iri akaripedza,
akadana zvizvarwa kubva pakutanga?
Ini, Jehovha, iye wokutanga wavo
newokupedzisira, ndini iye."

5 Zviwi zvakazviona zvikatya;
magumo enyika anodedera.
Vanoswedera uye vagouya mberi;
6 mumwe nomumwe anobatsira wokwake,
achiti kuhama yake, "Simba!"
7 Mhizha inokurudzira mupfuri wegoridhe,
uye iye anotsetsenura nenyundo
anokurudzira uyo anorova panhera.
Anoti kune chakanamwa nomoto, "Ichi chakanaka."
Anoroverera chifananidzo pasi nechipikiri kuti chisazungunuka.

8 "Asi iwe, Israeri, muranda wangu,
Jakobho, wandakasarudza,
imi vana vaAbhurahama, shamwari yangu,
9 ndakakutora kubva kumagumo enyika,
ndikakudana kubva kumakona ayo ari kure.
Ndakati kwauri, 'Uri muranda wangu,'
ndakakusarudza uye handina kukuramba.
10 Naizvozvo usatya, nokuti ndinewe;
usavhunduka, nokuti ndini Mwari wako.
Ndichakusimbisa uye ndichakubatsira;
ndichakutsigira noruoko rwangu rworudyi rwokururama.

11 "Vose vanokutsamwira
zvirokwazvo vachanyadziswa uye vachanyara;
vose vanokakavadzana newe
vachava sechinhu chisipo uye vachaparara.
12 Kunyange ukatsvaka vavengi vako,
hauzovawani.
Avo vanorwa newe
vachava sechinhu chisipo chose.
13 Nokuti ndini Jehovha, Mwari wako,

anobata ruoko rwako rworudyi
achiti kwauri, Usatya;
ndichakubatsira.
14 Usatya Jakobho iwe honye,
iwe mudiki Israeri,
nokuti ini iyeni ndichakubatsira," ndizvo zvinotaura Jehovha,
Mudzikinuri wako, Mutsvene waIsraeri.
15 "Tarira, ndichakuita mupuro, mutsva unopinza,
una meno mazhinji.
Uchapura makomo ugoapwanya,
uye uchaderedza zvikomo zvikava hundi.
16 Uchaapepeta, achatorwa nemhepo,
uye chamupupuri chichaaparadzira.
Asi iwe uchafara muna Jehovha,
uye uchazvirumbidza muMutsvene waIsraeri.

17 "Varombo navanoshaya vanotsvaka mvura
asi hakuna;
ndimi dzavo dzaoma nenyota.
Asi ini Jehovha ndichavapindura;
ini, Mwari waIsraeri, handizovasiya.
18 Ndichaita kuti nzizi dziyerere pamitunhu isina miti,
namatsime pakati pemipata.
Ndichashandura gwenga rikava madziva emvura,
nenyika yakaoma ikava matsime.
19 Ndichaisa mugwenga musidhari nomuakasiya,
mumite nomuorivhi.
Ndichaisa mipaini musango,
misipuresi nemifiri pamwe chete,
20 kuitira kuti vanhu vaone uye vagoziva,
varangarire vagonzwisisa,
kuti ruoko rwaJehovha rwakaita izvozvi,
kuti Mutsvene waIsraeri ndiye akazvisika.

21 "Sumai mhaka yenyu," ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Uyai namashoko enyu akasimba," ndizvo zvinotaura Mambo waJakobho.
22 "Uyai nezvifananidzo zvenyu zvitiudze
zvichaitika.
Tiudzei zvinhu zvakare kuti zvaiva zvipi,
kuti zvimwe tizviongorore
tigoziva magumo azvo.
Kana kuti tizivisei, zvinhu zvichaitika,
23 tiudzei kuti ramangwana rinei,
kuti tizive kana imi muri vanamwari.
Itai chimwe chinhu, chingava chakanaka kana chakaipa,
kuitira kuti tigoshamiswa tigozadzwa nokutya.
24 Asi imi hamusi chinhu,
uye mabasa enyu haana maturo chose;
anokusarudzai anonyangadza.

25 "Ndamutsa mumwe anobva kumusoro, zvino ari kuuya,
mumwe anobva kumabvazuva anodana kuzita rangu.

Iye anotsika pamusoro pavabati kunge anotsika dope,
kuita sokunge muumbi wehari anokanya ivhu.
26 Ndianiko akazvireva kubva pakutanga, kuti zvimwe,
tingaziva, kana kuti zvichigere kuitika, kuti zvimwe tigoti, 'Akanga anatsa?'
Hapana akataura izvozvi,
hapana akataura kuti zvichauya,
hapana akanzwa kana shoko kubva kwamuri.
27 Ndini akava wokutanga kuudza Zioni kuti, 'Tarira, ava vari pano!'
Ndakapa kuJerusarema nhume yamashoko akanaka.
28 Ndinotarisa asi hapana munhu,
hapana pakati pavo anopa zano,
hapana anondipindura pandinovabvunza.
29 Tarirai, vose inhema dzoga!
Mabasa avo haana maturo;
zvifananidzo zvavo imhepo nenyonganiso.

# 42

*Muranda waJehovha*

1 "Tarirai muranda wangu, wandinotsigira,
musanangurwa wangu wandinofarira;
Ndichaisa Mweya wangu pamusoro pake,
uye achavigira ndudzi kururamisirwa.
2 Haazodanidziri kana kuridza mhere,
kana kusimudza inzwi munzira dzomuguta.
3 Rutsanga rwakapwanyika haangaruvhuni,
uye nomwenje unopfungaira haazoudzimi.
Mukutendeka, achavigira vanhu kururamisira;
4 haangakoniwi uye haangaperi simba
kusvikira asimbisa kururamisirwa panyika.
Zviwi zvichaisa tariro yazvo mumurayiro wake."

5 Zvanzi naMwari Jehovha,
iye akasika matenga akaatatamura,
akatambanudza nyika nezvose zvinobuda mairi,
anopa kufema kuvanhu vayo,
noupenyu kuna avo vanofamba pamusoro payo:
6 "Ini, Jehovha, ndakakudana mukururama;
ndichabata ruoko rwako.
Ndichakuchengeta ndigokuita
kuti uve sungano yavanhu
nechiedza kune veDzimwe Ndudzi,
7 kuti usvinudze meso asingaoni,
usunungure vakasungwa mutorongo
uye usunungure vari mugomba, avo vagere murima.

8 "Ndini Jehovha; ndiro zita rangu!
Handizopi kukudzwa kwangu kuno mumwe,
kana kurumbidzwa kwangu kuzvifananidzo.
9 Tarira, zvinhu zvakare zvaitika,
uye ndiri kutaura zvinhu zvitsva;
izvo zvisati zvavapo

ndinozvizivisa kwamuri."

*Rwiyo rwoKurumbidza Jehovha*

10 Imbirai Jehovha rwiyo rutsva,
murumbidzei kubva kumagumo enyika,
imi munoburukira kugungwa, nezvose zviri mariri,
imi zviwi, navose vanogaramo.
11 Gwenga namaguta aro ngazvidanidzire;
nzvimbo dzinogara Kedhari ngadzifare.
Vanhu veSera ngavaimbe nomufaro;
ngavapururudze pamusoro pemakomo.
12 Ngavape rukudzo kuna Jehovha
uye vaparidze rumbidzo yake kuzviwi.
13 Jehovha achabuda somunhu ane simba,
semhare, achamutsa kushingaira kwake;
nokudanidzira, achamutsa kurwa
uye achakunda vavengi vake.

14 "Nokuti ndanga ndakanyarara kwenguva refu,
ndanga ndinyerere uye ndichizvidzora.
Asi zvino kufanana nomukadzi ari kusununguka,
ndiri kudanidzira, ndiri kufemedzeka nokutakwaira.
15 Ndichaparadza makomo nezvikomo,
uye ndichaomesa zvose zvawo zvinomera;
ndichashandura nzizi dzikava zviwi,
uye madziva ndichaaomesa.
16 Ndichatungamirira mapofu nenzira dzavasingazivi,
nomumakwara avasina kuziva,
ndichavatungamirira; ndichashandura rima rikava chiedza pamberi pavo
uye ndichaita kuti nzvimbo dzakaipa dziti chechetere.
Izvi ndizvo zvinhu zvandichaita;
handizovasiya.
17 Asi ivo vanovimba nezvifananidzo,
vanoti kune zvakaumbwa, 'Ndimi vamwari vedu,'
vachadzoserwa shure mukunyadziswa kukuru.

*Israeri iBofu neMatsi*

18 "Inzwai, imi matsi;
tarirai, imi mapofu, muone!
19 Ndianiko bofu, asi muranda wangu,
uye matsi kufanana nenhume yandinotuma?
Ndianiko bofu rakafanana naiye akazvipira kwandiri,
kana bofu rakafanana nomuranda waJehovha?
20 Wakaona zvinhu zvizhinji, asi hauna kuva nehanya;
nzeve dzako dzakazaruka, asi hauna chaunonzwa."
21 Zvakafadza Jehovha
nokuda kwokururama kwake,
kuti akudze murayiro wake uye aubwinyise.
22 Asi ava ndivo vanhu vakapambwa uye vakabirwa,
vose vakasungwa mumakomba
kana kuti vakavanzwa mumatorongo.
Vakava vabatwa,
pasina anovarwira;

vakaitwa chinhu chakapambwa,
pasina anoti, “Vadzoserei kwavakabva.”

23 Ndiani pakati penyu achateerera izvi,
kana kurerekera nzeve dzake zvikuru panguva inouya?
24 Ndiani akarega Jakobho achipambwa,
akaendesa Israeri kuvapambi?
Akanga asiri Jehovha here,
iye watakatadzira?
Nokuti havana kuda kutevera nzira dzake;
havana kuteerera murayiro wake.
25 Naizvozvo akadururira hasha dzake dzinopisa pamusoro pavo,
iro bongozozo rehondo.
Rakavaputira muvira romoto, asi havana kunzwisisa;
rakavapisa, asi mwoyo yavo yakashaya hanya nazvo.

# 43

*Muponesi waIsraeri Mumwe Oga*

1 Asi zvino, zvanzi naJehovha,
iye akasika iwe Jakobho,
iye akakuumba iwe Israeri:
“Usatya, nokuti ndakakudzikinura;
ndakakudana nezita rako; uri wangu.
2 Paunopfuura nomumvura zhinji
ini ndichava newe;
uye paunopinda nomunzizi, hadzizokukukuri.
Paunofamba nomumoto, haungazotsvi;
murazvo haungazokupisi.
3 Nokuti ndini Jehovha, Mwari wako,
Mutsvene waIsraeri, Muponesi wako;
ndinopa Ijipiti kuti ive rusunungulo rwako,
Etiopia neShebha pachinzvimbo chako.
4 Sezvo uchikosha uye uchikudzwa pamberi pangu,
uye nokuti ndinokuda,
ndichaisa vanhu panzvimbo yako,
namarudzi avanhu pachinzvimbo choupenyu hwako.
5 Usatya, nokuti ndinewe;
ndichauyisa vana vako kubva kumabvazuva,
ndichakuunganidzai kubva kumavirira.
6 Ndichati kurutivi rwokumusoro, ‘Varegedze!’
uye kurutivi rwezasi, ‘Usavadzivisa.’
Uyisai vanakomana vangu kubva kure,
uye navanasikana vangu vabva kumigumo yenyika,
7 vose vanodanwa nezita rangu,
vandakasikira kukudzwa kwangu
vandakaumba uye ndikaita.”
8 Uyai neavo vane meso asi vari mapofu,
vane nzeve asi vari matsi.
9 Ndudzi dzose ngadziungane pamwe chete,
uye marudzi ngaaungane.
Ndianiko pakati pavo akati izvi zvichaitika,
akatiparidzira zvinhu zvakare?

Ngavauye nezvapupu zvavo kuti zvionekwe kuti havana mhosva,
kuitira kuti vamwe vanzwe vagoti, "Ichokwadi."
10 "Imi muri zvapupu zvangu," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"uye nomuranda wangu wandakasarudza,
kuti mugoziva uye mugonditenda
uye mugonzwisisa kuti ndini iye.
Hakuna kumbova nomumwe mwari akaumbwa ndisati ndavapo,
uye hakuchazova nomumwe shure kwangu.
11 Ini, iyeni, ndini Jehovha,
uye kunze kwangu hakuna muponesi.
12 Ini ndakaratidza ndikaponesa, ndikaparidza,
ini, kwete vamwe vamwari vedzimwe ndudzi vari pakati penyu.
Imi muri zvapupu zvangu," ndizvo zvinotaura Jehovha, kuti, "ndini Mwari.
13 Hongu, kubva pamazuva akare ndini iye.
Hakuna angarwira munhu muruoko rwangu.
Pandinoita chinhu, ndianiko angachikonesa?"

*Ngoni dzaMwari noKusatendeka kwaIsraeri*

14 Zvanzi naJehovha,
Mudzikunuri wenyu, Mutsvene waIsraeri:
"Ndichatuma vanhu kuBhabhironi nokuda kwenyu,
uye ndichaburitsa vaBhabhironi vose vachitiza,
muzvikepe zvavaidada nazvo.
15 Ndini Jehovha, Mutsvene Wenyu,
Musiki waIsraeri, Mambo wenyu."

16 Zvanzi naJehovha,
iye akaita nzira pakati pegungwa,
nenzira mukati memvura zhinji,
17 iye akabudisa ngoro namabhiza,
hondo pamwe chete nezvinosimbisa,
vakavata ipapo, havana kuzombomukazve,
vadzimwa, vadzimwa somwenje:
18 "Chikanganwai zvinhu zvakare;
musaramba muri pane zvakapfuura.
19 Tarirai, ndava kuita chinhu chitsva!
Zvino chava kumera; hamuchioni here?
Ndiri kuita nzira mugwenga
nehova musango.
20 Zvikara zvesango zvinondikudza,
makava namazizi,
nokuti ndinozvipa mvura mugwenga
nehova musango,
kuti ndipe vanhu vangu chokunwa, vasanangurwa vangu,
21 vanhu vandakazviumbira,
kuti vaparidze kurumbidzwa kwangu.

22 "Kunyange zvakadaro hauna kudana kwandiri, iwe Jakobho;
hauna kuzvinetesa nokuda kwangu, iwe Israeri.
23 Hauna kundivigira makwai ezvipiriso zvinopiswa,
kana kundikudza nezvibayiro zvako.
Handina kukuremedza nezvipiriso zvezviyo,

kana kukunetesa nokuda zvinonhuhwira.
24 Hauna kundivigira kana zvinotapira,
kana kundigutsa namafuta ezvibayiro zvako.
Asi wakandiremedza nezvivi zvako
uye ukandinetesa nokudarika kwako.

25 “Ini, iyeni, ndini ndinodzima kudarika kwako,
nokuda kwangu,
handizorangaririzve zvakaipa zvako.
26 Ndiyeuchidze zvakapfuura,
ngatitaurirane nyaya iyi pamwe chete;
zvipupurire kuti hauna mhosva.
27 Tateguru wako akatadza;
vamiririri vako vakandimukira.
28 Naizvozvo ndichanyadzisa vanokudzwa vomutemberi yako,
uye ndichaita kuti Jakobho aparadzwe
uye Israeri asekwe.

# 44

*Israeri Musanangurwa*

1 “Asi zvino chinzwa, iwe Jakobho, muranda wangu,
Israeri, wandakasarudza.
2 Zvanzi naJehovha, iye akakuita,
akauumba mudumbu
uye iye achakubatsira:
Usatya, iwe Jakobho, muranda wangu,
Jeshuruni, wandakasarudza.
3 Nokuti ndichadurura mvura panyika ine nyota,
nehova pamusoro pevhu rakaoma;
ndichadurura Mweya wangu pamusoro porudzi rwako,
nemikomborero yangu pamusoro pavana vako.
4 Vachamera souswa mudekete,
semiti yemikonachando pahova dzinoyerera.
5 Mumwe achati, ‘Ndiri waJehovha’;
mumwe achazvitumidza nezita raJakobho;
zvakadaro, mumwe achanyora muruoko rwake achiti, ‘Ndiri waJehovha,’
uye achatora zita rokuti Israeri.

*Jehovha, Kwete Zvifananidzo*

6 “Zvanzi naJehovha,
Mambo waIsraeri noMudzikinuri, Jehovha Wamasimba Ose:
Ndini wokutanga uye ndini wokupedzisira;
kunze kwangu hakuna Mwari.
7 Ndianiko zvino akafanana neni? Ngaazvitaure.
Ngaadanidzire, azviise mberi kwangu
izvo zvakaitika kubva pandakasimbisa vanhu vangu vekare,
uye kuti chiiko chichaitika hongu,
ngaataure zvichaitika.
8 Musadedera, musatya.
Handina kuparidza izvi here uye ndikazvitaura kare kare?
Imi muri zvapupu zvangu.
Kune mumwe Mwari kunze kwangu here? Kwete, hakuna rimwe Dombo; hakuna rimwe randinoziva.”

9 Vose vanoita zvifananidzo havana maturo,
uye zvinhu zvavanofarira hazvibatsiri.
Vose vangada kuvapupurira mapofu;
havazivi, ndiko kuchava kunyadziswa kwavo.
10 Ndiani anoveza mwari
uye anoumba chifananidzo, chisingamubatsiri chinhu?
11 Iye navamwe vake vachanyadziswa;
mhizha hadzizi chinhu asi vanhu zvavo.
Ngavaungane vose pamwe chete uye vamire vasingazungunuswi; vachaderedzwa,
uye vachatya vachanyadziswa.

12 Mupfuri anotora chokupfurisa
agochishandisa mumazimbe;
anoita chifananidzo nenyundo,
agochiumba nesimba roruoko rwake.
Anonzwa nzara agorasikirwa nesimba rake.
Mukusanwa kwake mvura anobva aziya.
13 Muvezi anoyera nerwodzi
ozoita mutsetse nechokunyoresa;
anounatsa nembezo,
uye anoutara nezvienzaniso.
Anouumba mumufananidzo womunhu,
womunhu nokunaka kwake kwose,
kuti ugare mumba.
14 Akatema misidhari,
kana zvimwe akatora musipuresi kana muouki.
Akaurega uchikura pakati pemiti yesango,
kana kuti akasima mupaini, mvura ikaita kuti ukure.
15 Ndidzo huni dzomunhu dzokuvesa moto;
dzimwe dzacho anodzitora agozvidziyisa nadzo,
anovesa moto agobika chingwa nadzo.
Asizve anoveza chimwari agochinamata;
anoita chifananidzo agochipfugamira.
16 Hafu yehuni anopisa mumoto,
nadzo anobika zvokudya zvake,
anogocha nyama yake agoidya achiguta.
Anozvidziyisazve, agoti,
"Haiwa! Ndadziyirwa; moto ndiri kuuona."
17 Nezvasara anoita nazvo chimwari,
icho chifananidzo chake; anochipfugamira agochinamata.
Anonyengetera kwachiri achiti,
"Ndiponesei; ndimi mwari wangu."
18 Havana chavanoziva, havanzwisisi chinhu, meso avo akanamwa kuitira kuti varege kuona,
uye ndangariro dzavo dzakafukidzirwa kuitira kuti varege kunzwisisa.
Hapana anombomira kuti afunge,
19 Hapana ane ruzivo
kana kunzwisisa kuti ati,
"Hafu yacho ndaishandisa pakuvesa moto;
ini iyeni ndabikira chingwa pamazimbe acho,
ndagocha nyama ndikadya.

Ndichaita zvinonyangadza pane zvasara here?
Ndichapfugamira kudanda rehuni here?”
20 Anodya madota, mwoyo wakanyengerwa unomutsausa;
haagoni kuzviponesa kana kuti ati,
“Ko, chinhu ichi chiri muruoko rwangu rworudyi hachisi chenhema here?”

21 “Rangarira zvinhu izvi, iwe Jakobho,
nokuti uri muranda wangu, iwe Israeri.
Ndakakuita, uri muranda wangu;
haiwa Israeri, handichakukanganwizve.
22 Ndakadzima kudarika kwako segore,
nezvivi zvako semhute yamangwanani.
Dzokera kwandiri,
nokuti ndakakudzikinura.”

23 Imbai nomufaro imi matenga, nokuti Jehovha akaita izvozvi;
danidzira nesimba, iwe nyika iri pasi.
Imbai nziyo, imi makomo,
nemi masango nemiti yose,
nokuti Jehovha adzikinura Jakobho,
akaratidza kubwinya muIsraeri.

*Jerusarema Richagarwazve*

24 “Zvanzi naJehovha,
mudzikinuri wako, iye akakuumba uri mudumbu:

“Ndini Jehovha,
akaita zvinhu zvose,
iye oga akatatamura matenga,
akatambanudza nyika oga,

25 “iye anokonesa zviratidzo zvavaprofita venhema,
anoita kuti vavuki vave mapenzi,
iye anoparadza kudzidza kwevane njere,
uye anokushandura kuti kuve upenzi,
26 anozadzisa mashoko omuranda wake,
uye anozadzisa zvakaprofitwa nenhume dzake,

“anoti kuJerusarema, ‘Richagarwa,’
nokumaguta eJudha, ‘Achavakwa,’
nokumatongo awo, ‘Ndichaavandudza,’
27 iye anoti kumvura yakadzika, ‘Oma,
uye ndichaomesa hova dzako,’
28 iye anoti pamusoro paSirasi,
‘Ndiye mufudzi wangu uye achaita zvose zvandinoda;
iye achati pamusoro peJerusarema, “Ngarivakwezve,”
uye pamusoro petemberi achati, “Nheyo dzayo ngadziteyiwe.” ’

# 45

1 “Zvanzi naJehovha kumuzodziwa wake,
kuna Sirasi, ane ruoko rworudyi rwandakabata

kuti akunde ndudzi pamberi pake,
uye kuti atorere madzimambo zvombo zvavo,
kuti ndizarure mikova pamberi pake,
masuo agorega kupfigwa:
2 Ndichaenda mberi kwako
uye ndichaenzanisa makomo;
ndichaputsa masuo endarira
uye ndichacheka ndigopinda napamazariro esimbi.
3 Ndichakupa pfuma yerima,
upfumi hwakavigwa panzvimbo dzakavanda,
kuti uzive kuti ndini Jehovha, Mwari waIsraeri,
anokudana nezita rako.
4 Nokuda kwaJakobho muranda wangu,
nokwaIsraeri musanangurwa wangu,
ndinokudana nezita rako,
uye ndinoisa pamusoro pako zita rokukudzwa,
kunyange iwe usingandizivi.
5 Ndini Jehovha, uye hakuna mumwe;
kunze kwangu ini hakuna Mwari.
Ndichakusimbisa,
kunyange usina kundiziva,
6 kuti kubva kumabudazuva
kusvikira kwarinovirira,
vanhu vazive kuti hakuna mumwe kunze kwangu.
Ndini Jehovha uye hakuna mumwe.
7 Ndinoumba chiedza uye ndinosika rima,
ndinoita rugare uye ndinosika njodzi;
ini Jehovha, ndini ndinoita zvinhu izvi zvose.

8 “Imi matenga kumusoro, nayisai kururama;
makore ngaakudonhedze pasi.
Nyika ngaizaruke kwazvo,
ruponeso ngarutubuke,
kururama ngakukure pamwe chete narwo;
ini Jehovha, ndini ndakazvisika.

9 “Ane nhamo uyo anokakavadzana noMuiti wake,
iye anongova chaenga pakati pezvaenga pamusoro pevhu.
Ko, ivhu ringati kumuumbi,
‘Uri kugadzirei?’
Ko, basa rako rinoti here,
‘Uyu haana maoko?’
10 Ane nhamo uyo anoti kuna baba vake,
‘Chiiko chamakabereka?’
kana kuna mai vake,
‘Chiiko chamakazvara?’

11 “Zvanzi naJehovha,
iye Mutsvene waIsraeri, noMuiti wake:
Pamusoro pezvinhu zvichauya,
unondibvunza here pamusoro pavana vangu,
kana kundirayira pamusoro pebasa ramaoko angu?
12 Ndini ndakaita nyika

uye ndikasika vanhu vendudzi dzose pamusoro payo.
Maoko angu pachangu akatatamura matenga;
ndakarayira hondo dzawo dzose dzenyeredzi.
13 Ndichamutsa Sirasi mukururama kwangu:
ndichaita kuti nzira dzake dzose dzirurame.
Achavakazve guta rangu,
uye achasunungura vatapwa vangu,
asi pasina muripo kana mubayiro,
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose."
14 Zvanzi naJehovha:
"Zvibereko zveIjipiti nezvinoshambadzirwa zveEtiopia,
navaSabhea varefu,
vachauya kwauri
uye vachava vako;
vachatevera mushure mako,
vachiuya kwauri vakasungwa nengetani.
Vachapfugama pamberi pako
uye vachakunyengetedza, vachiti,
'Zvirokwazvo Mwari anewe,
uye hakunazve mumwe; hakuna mumwe mwari.' "

15 Zvechokwadi muri Mwari anozvivanza,
imi Mwari noMuponesi waIsraeri.
16 Vose vanoita zvifananidzo vachava nenyadzi uye vachanyadziswa,
vachasvika pakunyadziswa pamwe chete.
17 Asi Israeri achaponeswa naJehovha
noruponeso rusingaperi;
hamuchazombonyadziswi kana kuva nenyadzi,
kusvikira kumakore asingaperi.

18 Nokuti zvanzi naJehovha,
iye akasika matenga,
ndiye Mwari;
iye akaumba uye akaita nyika,
ndiye akaisimbisa;
haana kuisikira kuti igare isina chinhu,
asi akaiumba kuti igarwe,
anoti:
"Ndini Jehovha,
uye hakuna mumwe.
19 Handina kutaura ndiri pakavanda,
ndichibva kumwe kunyika yerima;
handina kuti kuvana vaJakobho,
'Nditsvakei pasina.'
Ini, Jehovha ndinotaura chokwadi;
ndinoparidza zvakarurama.

20 "Unganai pamwe chete muuye;
unganai, imi vatizi vanobva kune dzimwe ndudzi.
Vose vanotakura mifananidzo yamatanda havazivi,
vanonyengetera kuna vamwari vasingagoni kuponesa.
21 Paridzai zvichauya, muzvibudise pachena:
ngavarangane pamwe chete.

Ndianiko akazvitaura kare,
ndiani akazvireva kubva kare nakare?
Handizini Jehovha here?
Uye kunze kwangu ini hakuna Mwari,
Mwari akarurama noMuponesi;
hakuna mumwe asi ini.

22 “Dzokerai kwandiri mugoponeswa,
imi mose migumo yenyika;
nokuti ndini Mwari, uye hakuna mumwe.
23 Ndakapika neni pachangu,
muromo wangu wakataura
nokururama kwose shoko risingazoshandurwi:
Mabvi ose achapfugama pamberi pangu;
ndimi dzose dzichapika neni.
24 Vachati pamusoro pangu,
‘Muna Jehovha chete ndimo muno kururama nesimba.’ ”
Vose vakamutsamwira
vachauya kwaari uye vachanyadziswa.
25 Asi rudzi rwose rwaIsraeri
ruchawanikwa rwakarurama muna Jehovha uye ruchafara.

# 46

*Vamwari veBhabhironi*

1 Bheri rinokotamira pasi, Nebho rinokotama;
zvifananidzo zvavo zvinotakurwa nezvipfuwo zvinotakura mutoro.
Zvifananidzo zvacho zvinotakurwa zvinorema,
mutoro pazvipfuwo zvakaneta.
2 Zvinokotama uye zvinokotamira pasi pamwe chete;
zvisingagoni kurwira mutoro,
izvo pachazvo zvinoenda kuutapwa.
3 “Ndinzwei, imi imba yaJakobho,
imi mose vakasara veimba yaIsraeri,
imi vandakasimudzira kubvira muchiri mudumbu,
uye ndikakutakurai kubvira pakuzvarwa kwenyu.
4 Kunyange kusvikira pakuchembera kwenyu,
bvudzi rachena, ndini iye, ndini ndichakururamisai.
Ndakakuitai uye ndichakutakurai;
ndichakuraramisai uye ndichakununurai.

5 “Mungandienzanisa naaniko kana kunditi ndakaita saani?
Mungandifananidza naaniko wandingaenzaniswa naye?
6 Vamwe vanodurura goridhe kubva muhomwe dzavo,
uye vanoyera sirivha pazviyero;
vanotsvaka mupfuri kuti avaitire chimwari,
vagopfugama kuti vachinamate.
7 Vanochisimudzira pamapfudzi avo vagochitakura;
vanochigadzika panzvimbo yacho,
uye hecho chomira, hachigoni kufamba kuti chibvepo.
Kunyange mumwe akadanidzira kwachiri, hachipinduri;
hachigoni kumuponesa kubva pamatambudziko ake.

8 “Rangarirai chinhu ichi, muchiise mupfungwa dzenyu,
muise pamwoyo yenyu, imi vapanduki.
9 Rangarirai zvinhu zvakare, zviya zvekare kare;
ndini Mwari, uye hakuna mumwe;
ndini Mwari, hakuna akafanana neni.
10 Ndinozivisa magumo kubva pakutanga,
kubva panguva yekare kare, izvo zvichiri kuuya.
Ndinoti: Zvandakaronga zvichaitika,
uye ndichaita zvose zvandinoda.
11 Kubva kumabvazuva ndinodana gondo;
kubva kunyika iri kure kure ndinodana munhu achazadzisa kuda kwangu.
Zvandakareva ndichaita kuti zviitike;
zvandakaronga, ndichazviita.
12 Nditeererei, imi vane mwoyo yakasindimara,
iyemi muri kure nokururama.
13 Ndiri kuswededza pedyo kururama kwangu,
hakusi kure;
uye ruponeso rwangu haruzononotswi.
Ndichapa ruponeso kuZioni,
nokubwinya kwangu kuna Israeri.

# 47

*Kuwa kweBhabhironi*

1 “Buruka, ugare muguruva,
iwe Mhandara yeBhabhironi;
gara pasi usina chigaro choushe,
iwe Mhandara yavaBhabhironi.
Hauchazonzi uri munyoro
kana munhu akapfava.
2 Tora makuyo ukuye upfu;
bvisa vhoiri rako.
Fukura nguo dzako,
makumbo ako aonekwe, uyambuke hova.
3 Kushama kwako kuchava pachena,
uye kunyadzwa kwako kuchaonekwa.
Ndichatsiva;
handizosiyi munhu.”

4 Mudzikinuri wedu, Jehovha Wamasimba Ose ndiro zita rake;
ndiye Mutsvene waIsraeri.

5 Gara unyerere, enda murima,
Mhandara yavaBhabhironi;
hauchazonzi mambokadzi wenyika
dzakasiyana-siyana.
6 Ndakatsamwira vanhu vangu
ndikasvibisa nhaka yangu;
ndakavapa muruoko rwako,
iwe ukasavanzwira ngoni.
Kunyange vakakwegura
wakavatakudza joko rinorema kwazvo.

7 Wakati, “Ndicharamba
ndiri mambokadzi nokusingaperi!”
Asi hauna kufunga zvinhu izvi,
kana kucherechedza zvaizogona kuitika.

8 Naizvozvo zvino, chinzwa,
iwe chisikwa chisingagutsikani,
ugere zvakachengetedzeka, uchiti,
mumwoyo mako, “Ndini, hakuna mumwe kunze kwangu.
Handizovi chirikadzi,
uye handizotambudziki nokurasikirwa navana.”
9 Zviviri izvozvi zvichakuwira nechinguva chidiki diki,
pazuva rimwe chete zvinoti:
kufirwa navana nouchirikadzi.
Zvichauya pamusoro pako nechiyero chizere,
kunyange uine un’anga hwako huzhinji,
nouroyi hwako hwakawanda.
10 Wakavimba nezvakaipa zvako uye wakati,
“Hapana anondiona.”
Uchenjeri hwako nezivo yako
zvinokutsausa paunoti, mumwoyo mako,
“Ndini, uye hakuna mumwe kunze kwangu.”
11 Dambudziko richakuwira,
uye haugoni kuzoziva kuti ungaritanda sei.
Njodzi ichakuwira yausingagoni
kubvisa nomuripo;
pakarepo kuparadza kwausingagoni kuziva,
kuchawira pamusoro pako.

12 “Zvino, enderera hako mberi nouroyi hwako,
uye noun’anga hwako huzhinji,
hwawakashandira kubva paudiki hwako.
Zvichida uchabudirira,
zvichida uchavhundutsira vamwe.
13 Mazano ose awakagamuchira, akakunetesa chete!
Vanhu vako vanocherechedza nyeredzi ngavauye mberi,
avo vanotarira nyeredzi vachifembera mwedzi nomwedzi,
ngavakuponese pane zviri kuuya pamusoro pako.
14 Zvirokwazvo vakafanana namashanga;
moto uchaapisa akapera.
Havangatongogoni kuzvirwira,
pasimba romurazvo womoto.
Asi hapana mazimbe okuti munhu adziyirwe;
hapana moto wokudziya ipapo.
15 Izvozvi ndizvo chete zvavangakuitira,
ava vawakashanda navo,
uye ukafamba navo kubva paudiki hwako.
Mumwe nomumwe wavo anoenderera mberi nokukanganisa kwake;
hapana kana mumwe angakuponesa.

# 48

*Israeri ino mwoyo mukukutu*

1 “Inzwai izvi, imi imba yaJakobho,
makatumidzwa zita raIsraeri,
uye muchibva kurudzi rwaJudha,
imi munoita mhiko muzita raJehovha,
uye munodana kuna Mwari waIsraeri,
asi musingaiti muzvokwadi kana mukururama,
2 imi munozviti vagari vomuguta dzvene,
muchivimba naMwari weIsraeri;
Jehovha Wamasimba Ose ndiro zita rake:
3 Ndakazivisa zvinhu zvakare, kare kare,
muromo wangu wakazvireva uye ndakaita kuti zvizivikanwe;
ipapo nokukurumidza ndakazviita, uye zvikaitika.
4 Nokuti ndaiziva kuti mwoyo wako wakanga wakasindimara sei;
nokuti mutsipa wako wakanga uri runda rwesimbi,
huma yako yakanga iri ndarira.
5 Naizvozvo ndakakuudza zvinhu izvi kare kare;
zvisati zvaitika ndakazvizivisa kwauri,
kuitira kuti urege kuzoti,
‘Zvifananidzo zvangu,
ndizvo zvakazviita; mufananidzo wangu wedanda namwari wangu wesimbi ndizvo zvakarayira izvozvo.’
6 Wakazvinzwa zvinhu izvi; zvitarire zvose.
Haungazvibvumi here?

“Kubva zvino ndichakuzivisa zvinhu zvitsva,
zvakavanzika zvausingazivi.
7 Zvava kusikwa zvino, uye hakusi kare;
hauna kumbozvinzwa zuva ranhasi risati rasvika.
Saka haugoni kuti,
‘Hongu, ndaizviziva.’
8 Hauna kumbonzwa kana kunzwisisa;
kubva kare nzeve yako yakanga isina kudziurwa.
Ndinoziva kwazvo kuti uri munyengeri akadii;
wakanzi mhandu kubva pakuzvarwa kwako.
9 Nokuda kwezita rangu ndinononoka kutsamwa;
nokuda kwokurumbidzwa kwangu ndinozvidzora pamusoro pako,
kuti ndisakuparadza.
10 Tarira, ndakakunatsa, kunyange zvisina kuita sesirivha;
ndakakuedza muchoto chokutambudzika.
11 Nokuda kwangu, nokuda kwangu, ndinoita izvi.
Ko, ndingaregererei zita rangu richimhurwa?
Handingapi kukudzwa kwangu kuno mumwe.

### *Israeri inosunungurwa*

12 “Nditeerere, iwe Jakobho,
Israeri, wandakadaidza;
ndini iye:
ndini wokutanga uye ndini wokupedzisira.
13 Ruoko rwangu ndirwo rwakateya nheyo dzenyika,
uye ruoko rwangu rworudyi rwakatambanudza matenga;
pandinozvidana,
zvose zvinomira pamwe chete.

14 “Unganai pamwe chete, imi mose muteerere;
Ndechipiko chimwe chezvifananidzo chakakuudzai kuti zvinhu izvi zvichaitika?
Iye anodikanwa naJehovha
achaita zvakarongwa naJehovha pamusoro peBhabhironi;
ruoko rwake rucharwisa vaBhabhironi.
15 Ini, iyeni ndataura;
hongu, ndamudana.
Ndichauya naye,
uye achabudirira pane zvaanotumwa.
16 “Swederai kwandiri muteerere izvi:
“Kubvira pachiziviso chokutanga handina kumbotaura muchivande;
panguva yazvinoitika, ndinenge ndiripo.”

Uye zvino Ishe Jehovha andituma
noMweya wake.

17 Zvanzi naJehovha
Mudzikinuri wako, Mutsvene waIsraeri:
“Ndini Jehovha Mwari wako,
anokudzidzisa zvinokubatsira,
anokutungamirira munzira yaunofanira kufamba nayo.
18 Dai chete wakanga wateerera mirayiro yangu,
rugare rwako rungadai rwakaita sorwizi,
kururama kwako samafungu egungwa.
19 Zvizvarwa zvako zvingadai zvakaita sejecha,
navana vako vakaita setsanga dzejecha dzisingaverengeki;
zita ravo haraimboparara
kana kuparadzwa pamberi pangu.”

20 Mudai muBhabhironi,
tizai vaBhabhironi!
Zivisai izvi nomufaro mukuru,
uye muzviparidze.
Zvitumirei kumagumo enyika;
muti, “Jehovha adzikinura muranda wake Jakobho.”
21 Havana kunzwa nyota paakavatungamirira mugwenga;
akaita kuti mvura iyerere ichibva mudombo, achiitira ivo;
akatsemura dombo
mvura ikatubuka.

22 “Vakaipa havana rugare,” ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 49

*Muranda waJehovha*

1 Ndinzwei, imi zviwi;
inzwai izvi, imi ndudzi dziri kure;
Jehovha akandidana ndisati ndaberekwa;
kubva pakuzvarwa kwangu akataura zita rangu.
2 Akaita muromo wangu somunondo unopinza,
akandiviga mumumvuri wechanza chake;
akandiita museve unopenya,

akandiviga mugomba rake.
3 Akati kwandiri, “Ndiwe muranda wangu,
Israeri, wandicharatidza kubwinya kwangu maari.”
4 Asi ndakati, “Ndakashandira pasina,
ndapedza simba rangu pane zvisina maturo uye pasina.
Nyamba zvakandifanira ini zviri muruoko rwaJehovha,
uye mubayiro wangu uri kuna Mwari.”
5 Zvino Jehovha anoti,
iye akandiumba ndiri muchizvaro kuti ndive muranda wake,
kuti ndidzorere Jakobho kwaari
uye kuti Israeri vaunganidzwezve kwaari,
nokuti ndinokudzwa pamberi paJehovha,
uye Mwari wangu ndiye anga ari simba rangu,
6 iye anoti:
“Chinhu chiduku kwazvo kuti iwe uve muranda wangu,
anomutsazve marudzi aJakobho
uye achadzosa avo vaIsraeri vandakachengeta.
Uyezve ndichakuita chiedza chevedzimwe ndudzi,
kuti uuyise ruponeso rwangu kumigumo yenyika.”

7 Zvanzi naJehovha,
Mudzikinuri noMutsvene waIsraeri,
kuna iye akanga azvidzwa uye akasemwa norudzi,
kumuranda wavatongi:
“Madzimambo achakuona agosimuka,
machinda achaona agokotamira pasi,
nokuda kwaJehovha akatendeka,
Mutsvene waIsraeri, akakusarudza.”

*Israeri Inomutsiridzwa*

8 Zvanzi naJehovha:
“Munguva yangu yakafanira, ndichakupindura,
uye pazuva roruponeso ndichakubatsira;
ndichakuchengeta uye ndichakuita
kuti uve sungano yavanhu,
kuti uvandudze nyika
uye uvagarise patsva nhaka yakaparara,
9 kuti uti kunhapwa, ‘Budai,’
nokuna avo vari murima, ‘Uyai muchiedza!’

“Vachadya zvokudya parutivi rwenzira,
uye vachawana mafuro pazvikomo zvose zvisina zvibereko.
10 Havangavi nenzara kana nyota,
havangabayiwi nokupisa kwegwenga, kana nokupisa kwezuva.
Iye anovanzwira tsitsi achavatungamirira,
uye achavafambisa napazvitubu zvemvura.
11 Ndichashandura makomo angu ose kuti ave migwagwa,
uye migwagwa yangu mikuru ichasimudzirwa.
12 Tarirai vachauya vachibva kure:
vamwe vachibva nechokumusoro, vamwe nechokumavirazuva,
vamwe nokurutivi rweAsiwani.”

13 Imbai, imi matenga,

pembera iwe nyika;
imbai rwiyo imi makomo!
Nokuti Jehovha anonyaradza vanhu vake,
uye achava netsitsi navanhu vake vanotambudzika.

14 Asi Zioni rakati, "Jehovha akandisiya,
Jehovha akandikanganwa."

15 "Ko, mai vangakanganwa mucheche anonwa ari pachipfuva chavo,
uye vangasanzwira tsitsi mwana wavakazvara here?
Kunyange hazvo ivo vakakanganwa,
ini handizokukanganwi!
16 Tarira, ndakakunyora pazvanza zvamaoko angu;
madziro ako anogara ari mberi kwangu.
17 Vanakomana vako vanokurumidza kudzoka shure,
uye vose vaikuparadza vachabva kwauri.
18 Simudza meso ako utarise kwose kwose;
vanakomana vako vose vanoungana vachiuya kwauri.
Zvirokwazvo noupenyu hwangu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha, "uchavafuka vose sezvishongo:
uchavapfeka, somwenga.

19 "Kunyange wakaparadzwa ukaitwa dongo,
uye nyika yako yakasiyiwa yava dongo,
zvino vanhu vako havachakwani mauri,
uye vose vaikumedza vachava kure.
20 Vana vakaberekwa panguva yokufirwa kwako
vachatizve munzeve dzako,
'Nzvimbo iyi yava diki kwatiri:
tipeiwo nzvimbo yakatambanuka yatingagara.'
21 Ipapo uchati mumwoyo mako,
'Ndianiko akandiberekera ava?
Ndakanga ndafirwa uye ndisina mwana;
ndakanga ndadzingwa uye ndarambwa.
Ndianiko akarera ava?
Ndakasiyiwa ndiri ndoga,
asi ava, vabvepiko?' "
22 Zvanzi naIshe Jehovha,
"Tarira ndichasimudza ruoko rwangu kune veDzimwe Ndudzi,
ndichasimudzira mureza wangu kumarudzi;
vachauya navanakomana vako vari mumaoko avo,
uye vachatakura vanasikana vako pamapfudzi avo.
23 Madzimambo achava madzibaba anokurerai,
uye vanamambokadzi vavo vachava vanamai vanokurerai.
Vachakupfugamirai uso hwavo hwakatsikitsira pasi,
vachananzva guruva patsoka dzenyu.
Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha;
vanovimba neni havachazonyadziswi."

24 Ko, mhare ingapambwa here,
kana vatapwa vanganunurwa kubva kune anotyisa here?
25 Asi zvanzi naJehovha,

"Hongu vatapwa vachatorwa kubva kumhare,
uye zvakapambwa kubva kune anotyisa;
ndicharwa nevanorwa newe,
uye vana vako ndichavaponesa.
26 Ndichaita kuti vamanikidzi vako vadye nyama yavo;
vachadhakwa neropa ravo, sevadhakwa newaini.
Ipapo vanhu vose vachaziva kuti ini Jehovha,
ndini Muponesi wako,
Mudzikinuri wako, Wamasimba Ose waJakobho."

# 50

*Chivi chaIsraeri noKuteerera kwoMuranda*

1 Zvanzi naJehovha:
"Ko, rugwaro rwokurambwa
kwamai venyu rwuripiko rwandakavadzinga narwo?
Uye ndevapiko vandakakwereta
ndikazokutengesai kwavari?
Makatengeswa nokuda kwezvivi zvenyu;
mai venyu vakadzingwa nokuda kwokudarika kwenyu.
2 Sei ndakashaya munhu, pandakauya?
Sei pasina akapindura pandakadana?
Ko, ruoko rwangu rwakanga rwakapfupika here kuti ndikudzikinurei?
Handina simba rokukununurai here?
Nokungorayira chete ndinopwisa gungwa;
ndinoshandura nzizi dzikava gwenga;
hove dzadzo dzinoora nokushayiwa mvura,
uye dzinofa nenyota.
3 Ndinoshongedza denga nerima
uye ndinoita masaga chifukidzo charo."

4 Ishe Jehovha akandipa rurimi rwakadzidziswa,
kuziva shoko rinosimbisa vakarukutika.
Anondimutsa mangwanani namangwanani,
anomutsa nzeve yangu kuti iteerere somunhu anodzidziswa.
5 Ishe Jehovha akazarura nzeve dzangu,
uye handina kumumukira;
handina kudzokera shure.
6 Ndakapa musana wangu kuna avo vaindirova,
namatama angu kuna avo vakadzura ndebvu dzangu;
Handina kuvanza chiso changu
pakusekwa nokupfirwa mate.
7 Nokuti Ishe Jehovha anondibatsira,
handizonyadziswi.
Naizvozvo ndakaita kuti chiso changu chive sebwe romusarasara,
uye ndinoziva kuti handizonyadziswi.
8 Iye anondiruramisira ari pedyo.
Ndianiko zvino achandipa mhosva?
Ngatitarisanei!
Ndianiko mupomeri wangu?
Ngaanangane neni!
9 Ndiye Ishe Jehovha anondibatsira.
Ndianiko achandipa mhosva?

Vose vachasakara senguo;
vachadyiwa nezvipfuno.

10 Ndiani pakati penyu anotya Jehovha,
uye anoteerera shoko romuranda wake?
Ngaafambe murima,
iye asina chiedza,
ngaavimbe nezita raJehovha
uye avimbe naMwari wake.
11 Asi zvino, imi mose munotungidza moto
muchava nemwenje inopfuta,
endai, mufambe muchiedza chomoto
wenyu nechemwenje yamakabatidza.
Izvi ndizvo zvamuchagamuchira kubva paruoko rwangu:
Muchavata pasi mukurwadziwa.

# 51

*Ruponeso Rwokusingaperi rweZioni*

1 Nditeererei, imi munotevera kururama
uye munotsvaka Jehovha:
Tarirai kudombo ramakabviswa pariri
naparuware pamakacherwa;
2 tarirai kuna Abhurahama, baba venyu,
nokuna Sara, akakuberekai.
Pandakamudana akanga achingova mumwe chete,
ndikamuropafadza ndikamuita vazhinji.
3 Zvirokwazvo Jehovha achanyaradza Zioni,
uye achatarira netsitsi pamusoro pamatongo aro ose;
achaita magwenga aro kuti afanane neEdheni,
marenje aro achafanana nebindu raJehovha.
Kupembera nomufaro zvichawanikwa mariri,
kuvonga nenzwi rokuimba.

4 "Nditeererei, imi vanhu vangu;
ndinzwei imi rudzi rwangu:
Ndichakupai murayiro;
kururamisira kwangu kuchava chiedza kundudzi.
5 Kururama kwangu kwoswedera pedyo nokukurumidza,
ruponeso rwangu rwuri munzira,
uye ruoko rwangu ruchauyisa kururamisira kundudzi.
Zviwi zvichatarira kwandiri
uye zvichamirira ruoko rwangu netariro.
6 Simudzirai meso enyu kumatenga,
tarirai pasi panyika;
matenga achanyangarika soutsi,
nyika ichasakara senguo,
uye vanogaramo vachafa senhunzi.
Asi ruponeso rwangu ruchagara nokusingaperi,
kururama kwangu hakuzombogumi.

7 "Ndinzwei, imi munoziva zvakarurama,
imi vanhu vane murayiro wangu mumwoyo yenyu:

Musatya kuzvidza kwavanhu,
uye musavhundutswa nokutuka kwavo.
8 Nokuti chipfuno chichavadya senguo;
honye ichavadya sewuru.
Asi kururama kwangu kuchagara nokusingaperi,
ruponeso rwangu kuzvizvarwa zvose."

9 Muka, muka! Zvishongedze nesimba,
iwe ruoko rwaJehovha;
muka, sepamazuva akare,
sepazvizvarwa zvakare.
Ko, hausiwe wakagura-gura Rahabhi,
ukabaya chikara chiya here?
10 Hausiwe wakaomesa gungwa here,
iyo mvura yokwakadzika zvikuru,
ukaita mugwagwa makadzika megungwa
kuitira kuti vakadzikinurwa vayambuke?
11 Vakasunungurwa vaJehovha vachadzoka.
Vachapinda muZioni vachiimba;
mufaro usingaperi uchava korona pamisoro yavo.
Mufaro nokupembera zvichafashukira,
uye kusuwa nokukahadzika zvichatiza.

12 "Ini, iyeni, ndini iye anokunyaradzai.
Ndiwe aniko unotya vanhu vanofa,
vanakomana vavanhu, ivo uswa zvahwo,
13 kuti ukanganwe Jehovha Muiti wako,
akatatamura matenga,
akateya nheyo dzenyika,
kuti ugare uchitya mazuva ose
nokuda kwehasha dzomumanikidzi,
uyo akarerekera kukuparadza?
Ko, hasha dzomumanikidzi dziripi?
14 Vasungwa vakatapwa vachakurumidza kusunungurwa;
havazofiri mumakomba avo,
kana kuzoshayiwa chingwa.
15 Nokuti ndini Jehovha Mwari wako,
anomutsa gungwa kuti mafungu aro atinhire,
Jehovha Wamasimba Ose ndiro zita rake.
16 Ndakaisa mashoko angu mumuromo mako,
ndikakufukidza nomumvuri woruoko rwangu,
iyeni ndakagadzika matenga panzvimbo yawo,
iyeni ndakateya nheyo dzenyika,
uye ndinoti kuZioni, 'Muri vanhu vangu.' "

### *Mukombe weHasha dzaJehovha*

17 Muka, muka! Simuka,
iwe Jerusarema,
iwe wakanwa kubva muruoko rwaJehovha,
mukombe wehasha dzake,
iwe wakasveta kusvikira wapera kuti tsvai,
iwo mukombe unoita kuti vanhu vadzedzereke.
18 Pavanakomana vose

vaakabereka pakanga pasina anomutungamirira;
pavanakomana vose vaakarera
pakanga pasina aimusesedza noruoko rwake.
19 Njodzi mbiri idzi dzauya pamusoro pako,
ndianiko angakunyaradza? Dzinoti:
kuva dongo nokuparadzwa, nzara nomunondo;
ndianiko anogona kukunyaradza?
20 Vanakomana vako vaziya;
vanovata panotangira migwagwa,
kufanana nemhara yabatwa mumumbure.
Vakazadzwa nehasha dzaJehovha
nokutuka kwaMwari wako.

21 Naizvozvo inzwa izvi,
iwe munhu wokutambudzika, wakadhakiswa asi kwete newaini.
22 Zvanzi naIshe Jehovha Mwari wako,
anodzivirira vanhu vake,
“Tarira, ndabvisa muruoko rwako mukombe wakakuita kuti udzedzereke;
kubva pamukombe uyo,
iwo mukombe wehasha dzangu,
hauchazounwizve.
23 Ndichauisa mumaoko avatambudzi vako,
ivo vanoti kwauri,
‘Zvambarara pasi kuti tifambe napamusoro pako.’
Iwe wakaita kuti musana wako uve sapasi,
kufanana nomugwagwa unofambwa nawo.”

# 52

1 Muka, muka iwe Zioni,
zvifukidze nesimba.
Fuka nguo dzako dzakanakisa,
iwe Jerusarema, guta dzvene.
Vasina kudzingiswa navakasvibiswa
havachapindizve mauri.
2 Zunza guruva rako: simuka,
ugare paushe, iwe Jerusarema.
Zvisunungure pangetani dziri pamutsipa wako,
iwe nhapwa, Mwanasikana weZioni.
3 Nokuti zvanzi naJehovha,
“Wakatengeswa pasina mutengo,
uye uchadzikinurwa pasina mari.”
4 Nokuti zvanzi naIshe Jehovha,
“Pakutanga vanhu vangu vakaenda kuIjipiti kundogarako;
iye zvino Asiria inovamanikidza.
5 “Uye zvino ndinei pano?” ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Nokuti vanhu vangu vakabviswa pasina,
uye avo vanovatonga vanovaseka,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Uye zuva rose
zita rangu rinogara richimhurwa.
6 Naizvozvo vanhu vangu vachaziva zita rangu;
naizvozvo pazuva iro vachaziva
kuti ndini ndakazvitaura.

Hongu, ndini iye.”

7 Dzakanaka sei pamusoro pamakomo
tsoka dzavanouya namashoko akanaka,
vanoparidza rugare,
vanouya namashoko akanaka,
vanoparidza ruponeso,
vanoti kuZioni,
“Mwari wako anotonga!”
8 Chinzwa! Nharirire dzako dzinodanidzira namanzwi adzo;
vanopembera nomufaro pamwe chete.
Panodzokera Jehovha kuZioni,
vachazviona nameso avo pachavo.
9 Pururudzai muimbe nziyo dzomufaro pamwe chete,
imi matongo eJerusarema,
nokuti Jehovha anyaradza vanhu vake,
akadzikinura Jerusarema.
10 Jehovha acharatidza ruoko rwake rutsvene
pamberi pendudzi dzose,
uye magumo ose enyika achaona
ruponeso rwaMwari wedu.

11 Ibvai, ibvai, budai ikoko!
Musabata chinhu chine tsvina!
Budaimo mugova vakachena,
imi munotakura midziyo yaJehovha.
12 Asi hamungazobudi nokukurumidza
kana kuenda muchitiza;
nokuti Jehovha achakutungamirirai,
Mwari waIsraeri achakurindai mushure.

*Kutambudzika noKukudzwa kwoMuranda*

13 Tarirai muranda wangu achaita nouchenjeri;
achasimudzirwa uye achakwidzwa pamusoro, uye achakudzwa kwazvo.
14 Sezvo vazhinji vakashamiswa naye,
chiso chake chakanga chakakuvadzwa zvikuru, kupfuura chomunhu upi zvake,
uye chimiro chake chakanga chakanganiswa, kupfuura kuratidzika kwomunhu,
15 saka iye achasasa ndudzi zhinji,
uye madzimambo achafumbira miromo nokuda kwake.
Nokuti zvavakanga vasina kuudzwa, vachazviona,
uye zvavasina kumbonzwa, vachazvinzwisisa.

# 53

1 Ndianiko akatenda zvatakaparidza,
uye ruoko rwaJehovha rwakaratidzwa kuna aniko?
2 Akamera pamberi pake sebukira nyoro,
uye somudzi pavhu rakaoma.
Akanga asina runako kana chimiro choumambo kuti atikwezve kwaari,
hapana chatingada pakuratidzika kwake.
3 Akazvidzwa uye akarambwa navanhu, murume wokusuwa,

uye anoziva kutambudzika.
Somunhu anovanzirwa chiso navanhu, akazvidzwa,
uye isu hatina kumukudza.
4 Zvirokwazvo akatakura matenda edu,
uye akatakura kurwadziswa kwedu;
asi isu takafunga kuti akarohwa naMwari,
akarohwa naye uye akarwadziswa.
5 Asi akabayiwa nokuda kwokudarika kwedu,
akakuvadzwa nokuda kwezvakaipa zvedu;
kurohwa kwakativigira rugare kwaiva pamusoro pake,
uye namavanga ake takaporeswa.
6 Isu tose takanga takarasika samakwai,
mumwe nomumwe nenzira yake,
asi Jehovha akaisa pamusoro pake
kuipa kwedu tose.

7 Akamanikidzwa uye akarwadziswa,
asi haana kushamisa muromo wake;
akatungamiririrwa segwayana riri kundobayiwa,
uye sokunyarara kwegwai pamberi pomuveuri waro,
saizvozvo haana kushamisa muromo wake.
8 Akabviswa achimanikidzwa uye akatongwa.
Uye ndianiko angataura rudzi rwake?
Nokuti akagurwa kubva panyika yavapenyu,
nokuda kwokudarika kwavanhu vangu, akarohwa.
9 Akapiwa guva rake pakati pavatadzi,
uye akava navapfumi pakufa kwake,
kunyange akanga asina kuita zvechisimba,
uye kunyengera kusina kuwanikwa mumuromo make.

10 Asi kwakanga kuri kuda kwaJehovha kuti amukuvadze uye aite kuti atambudzike,
uye kunyange zvazvo Jehovha akaita kuti upenyu hwake huve chipiriso chezvivi,
achaona zvibereko zvake uye achawedzera mazuva ake,
uye kuda kwaJehovha kuchabudirira muruoko rwake.
11 Shure kwokutambudzika kwomweya wake,
achaona chiedza choupenyu uye achagutsikana;
nokuziva kwake, muranda wangu akarurama acharuramisira vazhinji,
uye achatakura kuipa kwavo.
12 Naizvozvo ndichamupa mugove pakati pavakuru vakuru,
uye achagoverana zvakapambwa navane simba,
nokuti akadurura upenyu hwake kusvika parufu,
akaverengwa pamwe chete navadariki.
Nokuti akatakura chivi chavazhinji,
akanyengeterera vadariki.

# 54

*Kubwinya kuchaita Zioni*

1 “Imba, iwe mukadzi asina mwana,
iwe usina kumbobereka mwana
pururudza uimbe rwiyo, pembera nomufaro,

iwe usina kumborwadziwa;
nokuti vana vomukadzi akasiyiwa ari oga vazhinji kupfuura
veane murume,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

2 Wedzera nzvimbo yetende rako,
tambanudza micheka yetende rako ifare,
usarega kuita izvozvo;
rebesa tambo dzako,
simbisa mbambo dzako.
3 Nokuti uchaparararira kurudyi nokuruboshwe;
vana vako vachatorera dzimwe ndudzi
uye vachagara mumatongo amaguta avo.
4 “Usatya hako: haunganyadziswi.
Usatya kunyadziswa; haunganinipiswi.
Uchakanganwa nyadzi dzapaudiki hwako,
uye hauzorangaririzve kunyadzisa kwouchirikadzi hwako.
5 Nokuti Muiti wako ndiye murume wako,
Jehovha Wamasimba Ose ndiro zita rake,
Mutsvene waIsraeri ndiye Mudzikinuri wako;
anonzi Mwari wenyika yose.
6 Jehovha achakudanazve
sokunge wanga uri mukadzi akasiyiwa, uye anotambudzika pamweya,
mukadzi akawanikwa achiri mudiki,
pedzezvo ndokurambwa,” ndizvo zvinotaura Mwari wako.
7 “Kwechinguvana ndakakusiya,
asi netsitsi huru ndikakudzosazve.
8 Ndichisundwa nehasha
ndakavanza chiso changu kwauri kwechinguva,
asi nounyoro husingaperi
ndichava netsitsi, pamusoro pako,”
ndizvo zvinotaura Jehovha Mudzikinuri wako.

9 “Kwandiri izvi zvakafanana namazuva aNoa,
pandakapika kuti mvura zhinji yaNoa haizofukidzizve nyika.
Naizvozvo zvino ndapika kuti ndirege kukutsamwira,
kana kukutukazve.
10 Kunyange makomo akazungunuswa,
uye zvikomo zvikabviswa,
rudo rwangu rusingaperi harungazungunuswi,
uye sungano yangu yorugare haingabviswi,”
ndizvo zvinotaura Jehovha anokunzwira tsitsi.

11 “Haiwa, iwe guta rokutambudzika wakarohwa nedutu ukasanyaradzwa,
ndichakuvaka namabwe ana mavara,
nheyo dzako namabwe esafire.
12 Ndichakuitira zviruvi zvamabwe matsvuku,
masuo amabwe anovaima,
uye masvingo ako ose amabwe anokosha.
13 Vanakomana venyu vose vachadzidziswa naJehovha,
uye rugare rwavana venyu ruchava rukuru.
14 Muchasimbiswa mukururama:
Kumanikidzwa kuchava kure nemi:

hapana chamuchazotya.
Kutya kuchava kure nemi;
hakuchazosviki pedyo nemi.
15 Kana mumwe akakurwisa, handisini ndinenge ndazviita;
ani naani anokurwisa achazvipira kwauri.

16 "Tarira, ndini ndakasika mupfuri wesimbi
anopfutidza mazimbe moto ugonganduma,
uye anopfura munondo wakakodzera pabasa rawo.
Uye ndini ndakasika muparadzi kuti aparadze;
17 hapana munondo ucharwisana newe ukakunda,
uye uchakonesa rurimi rumwe norumwe runokupomera mhosva.
Iyi ndiyo nhaka yavaranda vaJehovha,
uye uku ndiko kururamisirwa kwavo kunobva kwandiri,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 55

*Kukokwa kwaVane Nyota*
1 "Uyai imi mose mune nyota,
uyai kumvura zhinji;
nemi musina mari, uyai,
mutenge uye mudye!
Uyai mutenge waini nomukaka
pasina mari uye pasina mutengo.
2 Ko, munopedzerei mari pazvinhu zvisati zviri zvokudya,
nesimba renyu pazvinhu zvisingagutsi?
Teererai, nditeererei mugodya zvakanaka,
uye mweya yenyu ichafarira zvakakora zvezvakanaka.
3 Rerekai nzeve yenyu muuye kwandiri;
ndinzwei kuti mweya yenyu irarame.
Ndichaita sungano isingaperi nemi,
iko kutendeka kworudo rwangu rwakavimbiswa kuna Dhavhidhi.
4 Tarirai, ndakamuita chapupu kumarudzi,
mutungamiri nomukuru wamarudzi.
5 Zvirokwazvo uchakoka ndudzi dzausina kumboziva,
uye ndudzi dzisingakuzive dzichamhanyira kwauri,
nokuda kwaJehovha Mwari wako,
Mutsvene waIsraeri,
nokuti iye akakufukidza nokubwinya."
6 Tsvakai Jehovha achawanikwa:
danai kwaari achiri pedyo.
7 Akashata ngaasiye nzira yake,
nomunhu akaipa mirangariro yake.
Ngaadzokere kuna Jehovha, uye iye achamunzwira ngoni,
nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwirwa zvikuru.

8 "Nokuti ndangariro dzangu hadzizi ndangariro dzenyu,
uye nzira dzenyu hadzizi nzira dzangu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
9 "Sokukwirira kwakaita matenga kupfuura nyika,
saizvozvo nzira dzangu dzakakwirira kupinda dzenyu,
nendangariro dzangu kupfuura ndangariro dzenyu.

10 Sezvinoita mvura nechando
zvinoburuka kubva kudenga,
zvisingadzokeriko
zvisina kudiridza nyika
nokuita kuti ibukire uye ibereke zvakawanda,
kuitira kuti iberekere mudyari wembeu, uye ipe chingwa kune anodya,
11 saizvozvo neshoko rangu rinobuda mumuromo mangu:
Haringadzokeri kwandiri risina chinhu,
asi richaita zvinondifadza,
uye richaita zvandakarituma.
12 Muchabuda nomufaro,
uye muchafambiswa murugare;
makomo nezvikomo zvichapururudza
uye zvichaimba rwiyo pamberi penyu,
uye miti yose yeminda
ichauchira maoko ayo.
13 Pachinzvimbo chomunzwa pachamera muti womupaini,
pachinzvimbo chorukato pachamera mumite.
Izvi zvichava mukurumbira waJehovha,
nechiratidzo chokusingaperi,
chisingazoparadzwi."

## 56

*Ruponeso rwaVamwe*

1 Zvanzi naJehovha:
"Chengetedzai kururamisira
mugoita zvakanaka,
nokuti ruponeso rwangu rwava pedyo,
uye kururama kwangu kuchakurumidza kuratidzwa.
2 Akaropafadzwa munhu anoita izvi,
munhu anozvibatisisa,
anochengeta Sabata asingarisvibisi,
uye anodzivisa ruoko rwake kuita chinhu chakaipa."

3 Mutorwa akanamatira kuna Jehovha ngaarege kuti,
"Zvirokwazvo Jehovha achandiparadzanisa navanhu vake."
Uye nomuyunaki ngaarege kugunun'una achiti,
"Ndinongova zvangu muti wakaoma."
4 Nokuti zvanzi naJehovha:
"Kuvayunaki vanochengeta maSabata angu,
vanosarudza zvinondifadza,
uye vanobatirira pasungano yangu,
5 kwavari ndichapa, mukati metemberi yangu namasvingo ayo,
chirangaridzo nezita riri nani kupfuura vanakomana navanasikana;
ndichavapa zita risingaperi, risingazoparadzwi.
6 Uye vatorwa vakazvipira kuna Jehovha
kuti vamushumire,
kuti vade zita raJehovha,
uye vamunamate,
vose vanochengeta Sabata
vasingarisvibisi vachibatisisa sungano yangu,

7 ivava ndichavauyisa kugomo rangu dzvene
ndigovapa mufaro muimba yangu yokunyengetera.
Zvipiriso zvavo zvinopiswa
nezvibayiro zvichagamuchirwa paaritari yangu;
nokuti imba yangu ichanzi
imba yokunyengetera yendudzi dzose.”
8 Ishe Jehovha anoti,
iye anounganidza vakatapwa vaIsraeri,
“Ndichaunganidzazve vamwe kwavari,
tisingaverengeri avo vakaunganidzwa kare.”

### *Mwari anopa mhosva kuna Vakaipa*

9 Uyai, imi mose zvikara zvesango,
uyai mudye, imi mose zvikara zvesango!
10 Nharirire dzeIsraeri mapofu,
vose vanoshayiwa zivo;
vose imbwa dzisingahukuri,
hadzigoni kuhukura;
dzinovata pose pose dzichingorota,
dzinofarira kuvata.
11 Imbwa dzinokara zvikuru;
dzisingamboguti.
Vafudzi vanoshayiwa kunzwisisa:
vose vanotsaukira kunzira yavo pachavo,
mumwe nomumwe anotsvaka zvinomupfumisa.
12 Mumwe nomumwe anodanidzira achiti, “Uyai, regai nditore waini!
Regai tinwe tigute nedoro!
Uye mangwana achafanana nanhasi,
kana kutopfuura.”

## 57

1 Vakarurama vanoparara,
uye hakuna anofunga izvi mumwoyo make;
vanhu vanoda Mwari vanobviswa,
uye hakuna anonzwisisa
kuti vakarurama vanobviswa
kuti vanunurwe kubva pane zvakaipa.
2 Vose vanofamba mukururama
vanopinda murugare,
vanowana zororo pavanovata murufu.
3 “Asi imi, uyai pano, imi vanakomana vomuroyi,
imi chibereko chemhombwe nezvifeve!
4 Muri kuseka aniko?
Ndiani wamunohomera
uye wamunobudisira rurimi rwenyu?
Ko, hamusi chibereko chemhandu here,
nechizvarwa chavanoreva nhema?
5 Munotsva noruchiva pakati pemiti
yemuouki napasi pomuti mumwe nomumwe wakapfumvutira;
munobayira vana venyu mumipata
napasi pamapazi akarembera.
6 Zvifananidzo zviri pakati pamatombo anotsvedzerera emipata ndiwo
mugove wenyu;

izvozvo, ndiwo mugove wenyu.
Hongu, wakadururira chipiriso chokunwa kwazviri,
uye ukapa chipiriso chezviyo.
Ko, ini muchagona kundiripira zvinhu izvi here?
7 Wakawaridza nhoo pakakwirira napachikomo chirefu;
ikoko wakakwira kundobayira zvibayiro.
8 Seri kwamakonhi ako nezvivivo zvako
wakaisa chirangaridzo chavamwari vako.
Uchindisiya ini, wakafukura mubhedha wako,
wakakwira pauri ukaushamisa kwazvo;
wakaita sungano naavo vane mibhedha yaunoda,
uye wakatarisa kusasimira kwavo.
9 Wakaenda kuna Moreki namafuta
omuorivhi ukawedzera zvinonhuhwira zvako.
Wakatumira nhume dzako kure;
wakaburukira kuguva chaiko!
10 Wakaneteswa nenzira dzako dzose,
asi hauna kumboti, 'Hazvina maturo.'
Wakawana kuvandudzwa kwesimba rako,
nokudaro hauna kuziya.

11 "Ndianiko wawakatya uye ukavhunduka
zvokuti wakazoreva nhema kwandiri,
uye hauna kumbondirangarira
kana kumbozvifunga izvi mumwoyo mako?
Hakuzi kuti ndakaramba ndakanyarara
iwe ukasanditya here?
12 Ndichaisa pachena kururama kwako namabasa ako,
uye hazvizombokubatsiri.
13 Paunochemera rubatsiro,
zvifananidzo zvawakaunganidza ngazvikubatsire!
Mhepo ichazvikukura zvose,
mweya wokungofema zvawo uchazvifuridzira kure.
Asi munhu anondiiita utiziro hwake
achagara nhaka yenyika,
uye gomo rangu dzvene richava rake."

### *Kunyaradzwa kwaVane Mwoyo Yakapwanyika*

14 Uye zvichazonzi:
"Vakai, vakai, gadzirai mugwagwa!
Bvisai zvipinganidzo munzira yavanhu vangu."
15 Nokuti zvanzi naIye akakwirira ari kumusoro,
iye anorarama nokusingaperi, ane zita dzvene:
"Ndinogara pakakwirira panzvimbo tsvene,
asi naiyewo ane mweya wakapwanyika uye anozvininipisa,
kuti ndimutsiridze mweya yavanozvininipisa
uye ndimutsiridze mwoyo yavakapwanyika.
16 Handichapi mhosva nokusingaperi,
kana kugara ndakatsamwa,
nokuti ipapo mweya yavanhu ingaziya pamberi pangu,
kufema kwomunhu wandakasika.
17 Ndakatsamwiswa nechivi chake chokukara;
ndakamuranga, ndikavanza chiso changu mukutsamwa kwangu,

asi akaramba ari munzira dzaaida.
18 Ndakaona nzira dzake,
asi ndichamuporesa; ndichamutungamirira uye ndichamunyaradza,
19 ndichisika rumbidzo pamiromo yavanochema muIsraeri.
Rugare, rugare kuna vari kure navari pedyo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha. "Uye ndichavaporesa."
20 Asi vakaipa vakafanana negungwa rinozungunuka,
risingagoni kuzorora,
rina mafungu anorasa marara namatope.
21 Mwari wangu anoti, "Vakaipa havana rugare."

# 58

*Kutsanya kwechokwadi*

1 "Danidzira nesimba, usanyarara.
Simudza inzwi rako sehwamanda.
Paridzira vanhu vangu kupanduka kwavo,
neimba yaJakobho zvivi zvavo.
2 Nokuti zuva nezuva vanonditsvaka;
vanoita savane chido chokuziva nzira dzangu,
kunge vanga vari rudzi runoita zvakanaka
uye rusina kusiya mirayiro yaMwari wavo.
Vanondikumbira kutonga kwakarurama
sokunge vanofarira kuti Mwari auye pedyo navo.
3 Vanoti, 'Takatsanyireiko,
uye imi mukasazviona?
Takazvininipisireiko,
imi mukasazviona?'

"Asi pazuva rokutsanya kwenyu munoita zvamunoda
muchimanikidza vashandi venyu.
4 Kutsanya kwenyu kunogumisira mukukakavadzana nemhirizhonga,
uye kurovana netsiva dzakaipisisa.
Hamungatsanyi sezvamunoita mazuva ano,
mugotarisira kuti inzwi renyu richanzwika kumusoro.
5 Ko, ndiko here kutsanya kwandakasarudza,
zuva rimwe chete rokuti munhu azvininipise?
Ndezvokukotamisa musoro chete sorushanga here,
nokungovata pamusoro penguo dzamasaga namadota?
Ndiko kwamunoti kutsanya here,
pazuva rinodikanwa naJehovha?

6 "Uku handiko kutsanya kwandakasarudza here:
Kusunungura ngetani dzokusaruramisira
nokusunungura zvitirobho zvejoko,
kusunungura vakamanikidzwa
nokuvhuna joko rimwe nerimwe?
7 Hakuzi kugoverana zvokudya zvako nevane nzara,
nokupa varombo vanodzungaira pokugara here,
paunoona vakashama, kuvapfekedza,
uye kusafuratira venyama neropa rako?
8 Ipapo chiedza chako chichabuda samambakwedza,
uye kuporeswa kwako kucharatidzwa nokukurumidza;

ipapo kururama kwako kuchakutungamirira,
uye kubwinya kwaJehovha kuchakurinda mumashure.
9 Ipapo uchadana, Jehovha achakupindura;
uchadanidzira uchida rubatsiro, uye iye achati: Ndiri pano.

“Kana ukabvisa joko roudzvinyiriri,
kutendeka nomunwe nokutaura kwakaipa,
10 uye ukapa zvokudya zvako kune vane nzara
uye ukagutsa vakamanikidzwa pakushaya kwavo,
ipapo chiedza chako chichabuda murima,
uye usiku hwako huchashanduka hukafanana namasikati.
11 Jehovha achakutungamirira nguva dzose;
achakugutsa pakushaya kwako munyika yakapiswa nezuva
uye achasimbisa mapfupa ako.
Uchafanana nebindu rinodiridzwa nemvura yetsime,
sechitubu chine mvura isingapwi.
12 Vanhu vako vachavakazve matongo akare
vachasimudza nheyo dzakare;
iwe uchanzi Mugadziri waMasvingo Akakoromoka,
Muvandudzi weMigwagwa ine Dzimba.

13 “Kana ukachengeta tsoka dzako kuti dzisaputsa Sabata,
uye kuti dzisaita zvinokufadza iwe pazuva rangu dzvene,
kana ukati Sabata izuva rinofadza,
uye ukati zuva dzvene raJehovha izuva rinokudzwa,
uye kana ukarikudza nokusafamba munzira yako,
uye usingaiti zvinokufadza kana kutaura mashoko asina maturo,
14 ipapo uchawana mufaro wako muna Jehovha,
uye ndichakuita kuti ukwire pakakwirira penyika,
uye ndichakugutsa nenhaka yababa vako Jakobho.”
Muromo waJehovha wazvitaura.

# 59

*Chivi, Kureurura, neDzikinuro*

1 Zvirokwazvo ruoko rwaJehovha haruna kupfupika kuti rukonewe kuponesa,
uye nzeve yake haina kudzivira kuti irege kunzwa.
2 Asi zvakaipa zvenyu zvakakuparadzanisai
naMwari wenyu;
zvivi zvenyu zvakavanza chiso chake
kwamuri kuti arege kunzwa.
3 Nokuti maoko enyu akasvibiswa neropa,
minwe yenyu nezvakaipa.
Miromo yenyu yakareva nhema,
rurimi rwenyu runonguruma zvinhu zvakaipa.
4 Hapana anochemera kururamisira;
hapana anokwidza mhaka yake nokutendeka.
Vanongovimba negakava risina maturo uye nokureva nhema;
vanoita mimba yezvakashata uye vanobereka zvakaipa.
5 Vanochochonya mazai emvumbi,
uye vanoruka dandira redandemutande.
Ani naani anodya mazai avo achafa,

uye rimwe rikaputsika, panochochonywa nyoka.
6 Matandira avo haabatsiri pakupfeka;
havagoni kuzvifukidza nezvavanogadzira.
Mabasa avo mabasa akaipa,
uye kuita nechisimba kuri mumaoko avo.
7 Tsoka dzavo dzinomhanyira kundopinda muchivi;
vanokurumidza kuteura ropa risina mhosva.
Mirangariro yavo mirangariro yakaipa;
kuputsa nokuparadza zviri munzira dzavo.
8 Nzira yorugare havaizivi;
hapana kururamisira pamakwara avo.
Vakashandura nzira dzavo dzikava dzakaminama;
hakuna anofamba madziri achaziva rugare.
9 Naizvozvo kururamisira kuri kure nesu,
uye kururama hakusviki kwatiri.
Tinotsvaka chiedza, asi zvose irima;
tinotsvaka kujeka, asi tiri kufamba mumumvuri werima.
10 Sebofu tinotsvanzvadzira tichitevedza madziro,
tichitsvaka nzira yedu savanhu vasina meso.
Panguva yamasikati tinogumburwa kunge nguva yorubvunzavaeni;
pakati pavane simba, tangoita savakafa.
11 Tose tiri kuomba samapere;
tinorira nokurira kukuru senjiva.
Tinotsvaka kururamisira, asi hatikuwani;
tinotsvaka kurwirwa, asi kuri kure kure.

12 Nokuti kutadza kwedu kwawanda pamberi penyu,
uye zvivi zvedu zvinotipupurira zvakaipa.
Kudarika kwedu kunogara nesu,
uye tinobvuma kutadza kwedu:
13 kumukira nokunyengera Jehovha,
kufuratira Mwari wedu,
kukuchidzira udzvinyiriri nokupanduka,
nokutaura mashoko enhema anobva mumwoyo yedu.
14 Naizvozvo kururamisirwa kwadzorerwa shure,
uye kururama kwamira kure;
chokwadi chakagumburwa munzira dzomumusha,
kutendeka hakuchagoni kupinda.
15 Zvokwadi haichawanikwi
uye vanovenga zvakaipa ndivo vopambwa.

Jehovha akatarisa akasafara
kuti pakanga pasisina kururamisira.
16 Akaona kuti pakanga pasina munhu,
akashamiswa kuti pakanga pasina munhu aipindira;
naizvozvo ruoko rwake rwakamuvigira ruponeso,
uye kururama kwake kwakamuraramisa.
17 Akashonga kururama sechidzitiro chechipfuva,
nenguwani yoruponeso mumusoro make;
akashonga nguo dzokutsiva akazviputira
mukushingaira kwake seanozviputira nejasi.
18 Sezvavakaita, saizvozvo acharipira

hasha
kuvavengi vake
nokutsiva kuvadzivisi vake;
acharipira zvakafanira kuzviwi.
19 Kubva kumavirira, vanhu vachatya Jehovha,
uye kubva pakubuda kwezuva, vachakudza kubwinya kwake.
Nokuti achauya sokudira kworwizi
runosundwa nokufema kwaJehovha.

20 "Mudzikinuri achauya kuZioni,
kuna avo vari muna Jakobho vanotendeuka pazvivi zvavo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
21 "Kana ndirini, iyi ndiyo sungano yangu navo," ndizvo zvinotaura
Jehovha. "Mweya wangu uri pamusoro pako, namashoko angu andakaisa
mumuromo mako hazvichabvi pamuromo wako, kana pamiromo yavana
venyu, kana pamiromo yezvizvarwa zvavo kubva zvino nokusingaperi,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 60

*Kubwinya kweZioni*

1 "Simuka, upenye nokuti chiedza chako chasvika,
uye kubwinya kwaJehovha kwabuda pamusoro pako.
2 Tarira, rima rakafukidza nyika
uye rima guru riri pamusoro pavanhu,
asi Jehovha anobuda pamusoro pako
uye kubwinya kwake kunoratidzwa pamusoro pako.
3 Ndudzi dzichauya kuchiedza chako,
uye madzimambo kukubwinya kwamambakwedza ako.

4 "Simudza meso ako utarise zvakakukomberedza:
vose vanoungana uye vanouya kwauri,
vanakomana vako vanobva kure,
uye vanasikana vako vanotakurwa pamaoko.
5 Ipapo uchatarisa ugopenya,
mwoyo wako uchakwata uye uchazara nomufaro;
upfumi huri pamusoro pamakungwa huchauyiswa kwauri,
pfuma yendudzi ichauya kwauri.
6 Mapoka engamera achazadza nyika yako,
mhuru dzengamera dzeMidhiani neEfa.
Uye vose vanobva kuShebha vachauya,
vakatakura goridhe nezvinonhuhwira
vachiparidza kurumbidzwa kwaJehovha.
7 Mapoka eKedhari achaunganidzirwa
kwauri makondobwe eNebhayoti achakushumira:
achagamuchirwa sezvipo paaritari yangu,
uye ndichashongedza temberi yangu yokukudzwa.

8 "Ndivanaani ava vanobhururuka samakore,
senjiva dzinoenda kumatendere adzo?
9 Zvirokwazvo zviwi zvinotarira kwandiri;
zvikepe zveTashishi zvinotungamira
zvichiuya navanakomana venyu vari kubva kure,

nesirivha yavo negoridhe,
kuzokudza Jehovha Mwari wako,
iye Mutsvene waIsraeri,
nokuti akakushongedza nokubwinya.

10 “Vatorwa vachavakazve masvingo ako,
uye madzimambo avo achakushandira.
Kunyange ndakakurova mukutsamwa kwangu,
munyasha dzangu ndichakunzwira tsitsi.
11 Masuo ako achagara akashama
haachazombozarirwi, masikati kana usiku
kuitira kuti vanhu vakuvigire upfumi hwendudzi,
madzimambo adzo achafambiswa ari mumudungwe akundwa.
12 Nokuti rudzi kana ushe husingakushumiri huchaparadzwa;
huchaparadzwa zvachose.

13 “Kubwinya kweRebhanoni kuchauya kwauri,
mipaini nemifiri nemisipuresi pamwe chete,
kuzoshongedza nzvimbo yetemberi yangu tsvene;
uye ndichabwinyisa nzvimbo yetsoka dzangu.
14 Vanakomana vavamanikidzi venyu
vachauya vachikotama pamberi penyu;
vose vanokuzvidzai vachapfugama patsoka dzenyu uye vachakutumidzai
kuti Guta raJehovha,
Zioni roMutsvene waIsraeri.

15 “Kunyange wanga wasiyiwa uye uchivengwa,
pasina munhu anopfuura nemauri,
ndichakuita kuti ukudzwe nokusingaperi
uye uve mufaro wezvizvarwa zvinotevera.
16 Uchanwa mukaka wendudzi
uye ucharerwa pamazamu oumambo.
Ipapo uchaziva kuti ini, iyeni Jehovha, ndini Muponesi wako,
Mudzikinuri wako, Wamasimba Ose waJakobho.
17 Ndichakuvigira goridhe pachinzvimbo chendarira,
nesirivha pachinzvimbo chesimbi.
Ndichakuvigira ndarira pachinzvimbo chamatanda,
nesimbi pachinzvimbo chamabwe.
Ndichaita rugare mubati wako
nekururama mutongi wako.
18 Kuita nechisimba hakuchazonzwikwa munyika yako,
kana dongo kana kuparadzwa mukati memiganhu yako,
asi uchatumidza masvingo ako zita
rokuti Ruponeso nemasuo ako kuti Rumbidzo.
19 Zuva harichazovi chiedza chako masikati,
uye kupenya kwomwedzi hakungavi pamusoro pako,
nokuti Jehovha ndiye achava chiedza chako chisingaperi,
uye Mwari wako achava kubwinya kwako.
20 Zuva rako harichazovirizve,
uye mwedzi wako hauchazoperizve;
Jehovha achava chiedza chako chisingaperi,
uye mazuva okuchema kwako achaguma.

21 Ipapo vanhu vako vose vachava vakarurama,
uye vachatora nyika kuti ive yavo nokusingaperi.
Ndivo mabukira andakadyara,
basa ramaoko angu,
kuti ndiratidze kubwinya kwangu.
22 Mudikisa wako achava chiuru,
mudiki achava rudzi rune simba.
Ndini Jehovha,
munguva yacho ndichazviita nokukurumidza."

# 61

*Gore reNyasha dzaJehovha*

1 Mweya waIshe Jehovha uri pamusoro pangu,
nokuti Jehovha akandizodza
kuti ndiparidze vhangeri kuvarombo.
Akandituma kuti ndirape vane mwoyo yakaputsika,
kuti ndiparidze kusunungurwa kwavakatapwa,
nokubudiswa kwavasungwa kuti vabve murima,
2 kuti ndiparidze gore rengoni dzaJehovha
uye nezuva rokutsiva kwaMwari wedu,
kuti ndinyaradze vose vanochema,
3 uye ndiriritire avo vanochema muZioni,
kuti ndiise pamusoro pavo korona yorunako
pachinzvimbo chamadota,
mafuta omufaro
pachinzvimbo chokuchema,
uye nenguo yokurumbidza
pachinzvimbo chomweya wakarukutika.
Vachanzi miouki yokururama,
yakasimwa naJehovha
kuti aratidze kubwinya kwake.
4 Vachavakazve matongo akare
uye vachamutsazve nzvimbo dzakaparadzwa kare;
vachavandudza matongo amaguta
akaparadzwa kwezvizvarwa nezvizvarwa zvakapfuura.
5 Vatorwa vachafudza mapoka amakwai enyu;
vatorwa vachashanda muminda yenyu nomuminda yenyu yemizambiringa.
6 Ipapo imi muchanzi vaprista vaJehovha,
muchanzi vashumiri vaMwari.
Muchadya pfuma yendudzi,
uye muchazvirumbidza nepfuma yavo.

7 Pachinzvimbo chokunyadziswa kwavo
vanhu vangu vachagamuchira migove miviri,
uye pachinzvimbo chokunyadziswa vachafara munhaka yavo;
nokudaro vachagara nhaka yemigove miviri munyika yavo,
uye mufaro usingaperi uchava wavo.

8 "Nokuti ini, Jehovha, ndinoda kururamisira;
ndinovenga kupamba nezvakaipa.
Mukutendeka kwangu, ndichavapa mubayiro

uye ndichaita sungano isingaperi navo.
9 Zvizvarwa zvavo zvichazivikanwa pakati pendudzi
uye navana vavo pakati pamarudzi.
Vose vanovaona vachaziva
kuti vanhu vakaropafadzwa naJehovha."

10 Ndinofara zvikuru muna Jehovha;
mweya wangu unofara muna Mwari.
Nokuti akandifukidza nenguo dzoruponeso,
uye akandishongedza nenguo yokururama,
sechikomba chinoshongedza musoro wacho somuprista,
uye somwenga anozvishongedza nezvishongo zvamatombo anokosha.
11 Nokuti ivhu sezvarinomeresa mbeu,
nebindu richiita kuti mbeu dzikure,
saizvozvo Ishe Jehovha achaita kuti kururama nerumbidzo
zvimere pamberi pendudzi dzose.

# 62

*Zita idzva reZioni*
1 Nokuda kweZioni handinganyarari,
nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere,
kusvikira kururama kwake kwapenya samambakwedza,
noruponeso rwake somwenje unopfuta.
2 Ndudzi dzichaona kururama kwako,
uye madzimambo ose achaona kubwinya kwako;
iwe uchadaidzwa nezita idzva
richataurwa nomuromo waJehovha.
3 Uchava korona yokubwinya muruoko rwaJehovha,
ukomba hwoumambo muruoko rwaMwari wako.
4 Havachazokutizve Musiyiwa,
kana kutumidza nyika yako kuti Dongo.
Asi uchatumidzwa kuti Hefizibha
uye nyika yako ichanzi Bhiyura;
nokuti Jehovha achakufarira,
uye nyika yako icharoorwa.
5 Sejaya zvarinowana mhandara,
saizvozvo vanakomana vako vachakuwana;
sechikomba chinofarira mwenga,
saizvozvo Mwari wako achafara pamusoro pako.
6 Ndakagadza nharirire pamasvingo ako, iwe Jerusarema;
havangambonyarari masikati kana usiku.
Imi munodana kuna Jehovha,
musazorora,
7 uye musamupa zororo kusvikira asimbisa Jerusarema,
uye ariita rumbidzo yenyika.

8 Jehovha akapika noruoko rwake rworudyi,
noruoko rwake rune simba achiti,
"Handichazopizve zviyo zvenyu sezvokudya kuvavengi venyu,
uye vatorwa havachazonwizve waini itsva
yamakatamburira;
9 asi ivo vanokohwa ndivo vachadya

uye vacharumbidza Jehovha,
uyewo vaya vanounganidza mazimbiringa ndivo vachainwa
mumavazhe eimba yangu tsvene."

10 Pfuurai, pfuurai napamasuo!
Gadzirirai vanhu nzira.
Vakai, vakai mugwagwa mukuru!
Bvisai mabwe.
Simudzirai ndudzi mureza.

11 Jehovha akaparidzira kumagumo enyika achiti, "Uti kuMwanasikana
weZioni, 'Tarira, Muponesi wako ouya! Tarira, mubayiro wake
anawo, uye kuripira kwake kunomutevera.' "
12 Vachanzi Vanhu Vatsvene, Vakadzikinurwa vaJehovha; uye iwe uchanzi
Mutsvakwa, iro Guta Risina Kuzova Dongo.

# 63

*Zuva raMwari roKutsiva noKudzikinura*

1 Ndianiko uyu anobva kuEdhomu,
anobva kuBhozira, ane nguo dzakatsvuka seropa?
Ndianiko uyu, akafuka zvinobwinya,
anofamba muukuru hwesimba rake?
"Ndini ndinotaura nokururama,
ndine simba rokuponesa."

2 Seiko nguo dzenyu dzakatsvuka
sedzomunhu anotsika chisviniro chewaini?

3 "Ndakatsika chisviniro chewaini ndoga;
kubva kundudzi dzose hapana akanga aneni.
Ndakavatsika-tsika mukutsamwa kwangu
uye ndakavapwanyira pasi muhasha dzangu;
ropa ravo rikatsatikira panguo dzangu,
ndikasvibisa nguo dzangu dzose.
4 Nokuti zuva rokutsiva rakanga riri mumwoyo mangu,
uye gore rokudzikinura kwangu rasvika.
5 Ndakatarisa, asi pakanga pasina angabatsira,
ndakashamiswa nokuti hapana akatsigira;
naizvozvo ruoko rwangu rwakandivigira ruponeso,
uye hasha dzangu dzakanditsigira.
6 Ndakatsika-tsika ndudzi mukutsamwa kwangu;
muhasha dzangu ndakaita kuti vadhakwe
uye ndakadurura ropa ravo pasi."

*Kurumbidza noKunyengetera*

7 Ndichataura nezvounyoro hwaJehovha,
iwo mabasa aanofanira kukudzwa nawo,
nokuda kwezvose zvatakaitirwa naJehovha,
hongu, izvo zvinhu zvizhinji zvaakaitira
imba yaIsraeri,
nokuda kwetsitsi dzake uye nengoni dzake zhinji.
8 Akati, "Zvirokwazvo ndivo vanhu vangu,
ivo vanakomana vasingazovi venhema kwandiri,"

naizvozvo akava Muponesi wavo.
9 Mumatambudziko avo ose naiyewo akatambudzika,
uye mutumwa wokuvapo kwake akavaponesa.
Murudo rwake nengoni akavadzikinura;
akavasimudza uye akavatakura
mumazuva ose akare.
10 Asi vakamumukira
vakachemedza Mweya wake Mutsvene.
Saka akashanduka akava muvengi wavo,
uye iye amene akarwa navo.

11 Ipapo vanhu vake vakarangarira mazuva akare,
mazuva aMozisi navanhu vake, vakati,
aripiko akavayambutsa gungwa,
nomufudzi wamakwai ake?
Aripiko akaisa
Mweya wake Mutsvene pakati pavo,
12 iye akavatumira ruoko rwake rwokukudzwa nesimba
kuti ruve paruoko rworudyi rwaMozisi,
iye akaparadzanisa mvura pamberi pavo,
kuti azviwanire mukurumbira usingaperi,
13 iye akavatungamirira nomakadzika?
Sebhiza murenje, havana kugumburwa;
14 semombe dzinoburukira kubani,
vakapiwa zororo noMweya waJehovha.
Ndiwo matungamiriro amakaita vanhu venyu
kuti muzviitire zita rine mukurumbira.

15 Tarirai pasi muri kudenga uye muone,
kubva pachigaro chenyu chakakwirira chitsvene uye chinobwinya.
Kushingaira kwenyu nesimba renyu zviripiko?
Unyoro hwenyu netsitsi dzenyu zvakabviswa kwatiri.
16 Asi muri Baba vedu,
kunyange Abhurahama asingatizivi
kana naIsraeri asingatiziviwo;
imi, Jehovha, ndimi Baba vedu,
Mudzikinuri wedu kubva kare ndiro zita renyu.
17 Haiwa Jehovha, munotiregereiko tichidzungaira, kubva panzira dzenyu
muchiomesa mwoyo yedu kuti tirege kukutyai?
Dzokai nokuda kwavaranda venyu,
iwo marudzi enhaka yenyu.
18 Kwenguva duku vanhu venyu vakatora nzvimbo yenyu tsvene,
asi zvino vavengi vedu vakatsika-tsika nzvimbo yenyu tsvene.
19 Isu tiri venyu kubva kare;
asi ivo hamuna kumbovatonga,
havana kumbodaidzwa nezita renyu.

# 64

1 Haiwa, dai maibvarura matenga mukaburuka pasi,
kuti makomo adedere pamberi penyu!
2 Sezvinoita moto paunopisa tsotso
uchiita kuti mvura ivire,
burukai muzoita kuti zita renyu rizivikanwe kuvavengi venyu,

uye muite kuti ndudzi dzidedere pamberi penyu!
3 Nokuti pamakaita zvinhu zvinotyisa zvatakanga tisina kutarisira,
makaburuka pasi, makomo akabvunda pamberi penyu.
4 Kubva panguva dzekare hakuna munhu akanzwa,
hakuna nzeve yakanzwisisa,
hakuna ziso rakaona mumwe Mwari kunze kwenyu,
anobatsira avo vanomumirira.
5 Munouya kuzobatsira avo vanofarira kuita zvakarurama,
vanorangarira nzira dzenyu.
Asi patakaramba tichivatadzira,
imi makatsamwa.
Zvino tingaponeswa seiko?
6 Isu tose tafanana nousina kuchena,
uye mabasa edu ose okururama afanana namamvemve enguo dzine tsvina;
isu tose tinooma seshizha,
semhepo zvivi zvedu zvinotitsvairira kure.
7 Hakuna anodana kuzita renyu
kana anoshingairira kuti akubatei;
nokuti makativanzira chiso chenyu mukaita
kuti tiperezeke nokuda kwezvivi zvedu.
8 Haiwa, Jehovha, kunyange zvakadaro muri Baba vedu.
Isu tiri ivhu, imi muri muumbi;
isu tose tiri basa ramaoko enyu.
9 Regai kutsamwa zvikuru imi Jehovha;
regai kurangarira zvivi zvedu nokusingaperi.
Haiwa Jehovha, ringirai kwatiri, tinokumbira,
nokuti tose tiri vanhu venyu.
10 Maguta enyu matsvene ava renje;
kunyange Zioni irenje, Jerusarema rava dongo.
11 Temberi yedu tsvene inobwinya, umo madzibaba edu akakurumbidzai,
yakapiswa nomoto,
uye nzvimbo dzose dzataikoshesa dzaparara.
12 Haiwa Jehovha, mushure maizvozvi mungazvidzorawo here?
Mucharamba munyerere, uye mugotiranga zvinopfuura mwero here?

# 65

*Kutongwa noRuponeso*

1 "Ndakazviratidza kuna avo vasina kundibvunza;
ndakawanikwa neavo vasina kunditsvaka.
Kurudzi rwakanga rusina kudana kuzita rangu
ndakati, 'Ndiri pano, ndiri pano.'
2 Zuva rose ndakatambanudzira maoko angu
kurudzi rwakasindimara,
vanofamba munzira dzisina kunaka
vachitevera zvavanofunga,
3 vanhu vanogara vachindigumbura
ipo pamberi pangu chaipo,
vachibayira zvibayiro pamapindu
uye vachipisira zvinonhuhwira paaritari dzezvitinha;
4 vanogara pakati pamarinda

uye vanopedza usiku hwavo vachinyengetera vari munzira yakavanda:
vanodya nyama yenguruve,
uye hari dzavo dzine furo renyama yakasvibiswa;
5 vanoti, 'Gara kure; usaswedera pedyo neni,
nokuti ndiri mutsvene kupfuura iwe.'
Vanhu vakadaro utsi mumhuno dzangu,
moto unoramba uchipfuta zuva rose.

6 "Tarirai, zvakanyorwa pamberi pangu zvinoti:
Handinganyarari asi ndicharipira zvakazara;
ndichazviripa pamakumbo avo,
7 zvakaipa zvenyu nezvamadzibaba enyu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Nokuti vakapisira zvibayiro pamusoro pezvikomo,
ndichayera pamakumbo avo
muripo wakazara wamabasa avo akare."
8 Zvanzi naJehovha:
"Sezvazvakangoita kana musvi uchiri kuwanikwa musumbu ramazambiringa
uye vanhu vachiti, 'Musauparadza, muchine zvakanaka mauri,'
saizvozvo ndizvo zvandichaitira varanda vangu;
handingavaparadzi vose.
9 Ndichabudisa marudzi kuna Jakobho,
uye nokubva kuna Judha avo vachatora makomo angu;
vasanangurwa vangu vachagara nhaka,
uye varanda vangu vachagara ikoko.
10 Sharoni richava mafuro amakwai,
uye Mupata weAkori uchava uvato hwemombe
dzavanhu vangu vanonditsvaka.

11 "Asi kana murimi munosiya Jehovha
uye munokanganwa gomo rangu dzvene,
munowaridzira Rombo Rakanaka tafura,
uye munozadza zvirongo newaini yakavhenganisirwa Magumo,
12 ndichakuendesai kumunondo,
uye mose muchakotamira pasi kuti mubayiwe,
nokuti ndakadana asi hamuna kudavira,
ndakataura asi hamuna kuteerera.
Makaita zvakaipa pamberi pangu
mukasarudza zvisingandifadzi."

13 Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha:
"Varanda vangu vachadya,
asi imi muchanzwa nzara;
varanda vangu vachanwa,
asi imi muchava nenyota;
varanda vangu vachafara,
asi imi muchanyadziswa.
14 Varanda vangu vachaimba zvichibva mumufaro wemwoyo yavo,
asi imi muchachema nokurwadziwa nemwoyo
uye muchaungudza mukupwanyika kwomweya.

15 Muchasiyira zita renyu
kuvasanangurwa vangu sechituko;
Ishe Jehovha achakuurayai,
asi achapa varanda vake rimwe zita.
16 Ani naani achati nyika iropafadzwe
achazviita naMwari wechokwadi;
ani naani achaita mhiko munyika
achapika naMwari wechokwadi.
Nokuti matambudziko akare achakanganwikwa,
uye achavanzirwa meso angu.

### *Matenga Matsva neNyika Itsva*

17 "Tarirai, ndichasika
matenga matsva nenyika itsva.
Zvinhu zvakare hazvichazorangarirwi,
kana kuuya mundangariro.
18 Asi farai mupembere nokusingaperi
mune zvandichasika,
nokuti ndichasika Jerusarema kuti rifadze
uye kuti vanhu varo vave mufaro.
19 Ndichapembera pamusoro peJerusarema,
uye ndichafarira vanhu vangu;
maungira okuchema kana kurira
haachazonzwikwazve imomo.

20 "Mariri hamungazovazve
nomucheche achararama mazuva mashoma shoma,
kana mutana asingasvitsi makore ake okurarama;
uyo anofa ane zana ramakore
achangotorwa somujaya;
uyo anotadza kusvika pazana ramakore
achatorwa sowakatukwa.
21 Vachavaka dzimba vagogara madziri;
vachadyara mazambiringa vagodya michero yawo.
22 Havachazovakazve dzimba dzinozogarwa navamwe,
kana kudyara vamwe vachizodya.
Nokuti sezvakaita mazuva omuti,
ndizvo zvichaita mazuva avanhu vangu;
vasanangurwa vangu vachafara kwenguva refu
mumabasa amaoko avo.
23 Havachazoshandira pasina
kana kubereka vana vanoparadzwa;
nokuti vachava vanhu vakaropafadzwa naJehovha,
ivo nezvizvarwa zvavo.
24 Vasati vadana ndichavapindura;
vachiri kutaura ndichavanzwa.
25 Bumhi negwayana zvichafura pamwe chete,
uye shumba ichadya uswa senzombe,
asi guruva richava chokudya chenyoka.
Hazvichazokuvadza kana kuparadza
pamusoro pegomo rangu dzvene rose,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 66

*Kutonga neTariro*

1 Zvanzi naJehovha:
“Denga ndicho chigaro changu,
uye nyika chitsiko chetsoka dzangu.
Ko, iripi imba yamungandivakira?
Nzvimbo yangu yokuzorora ichava kupiko?
2 Haruzi ruoko rwangu rwakaita izvozvi zvose here,
nokudaro zvikavapo?”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

“Munhu akadai ndiye wandichakudza:
iye anozvininipisa uye ane mweya wakapwanyika,
uye anodedera paanonzwa shoko rangu.
3 Asi ani naani anobayira hando
akafanana nouyo anouraya munhu,
uye anobayira gwayana,
anofanana nouyo anovhuna mutsipa wembwa;
ani naani anoita chipiriso chezviyo
anofanana nomunhu anopa ropa renguruve,
uye ani naani anopisira zvinonhuhwira zvokurangaridza,
anofanana nounonamata chifananidzo.
Vakasarudza nzira dzavo,
uye mweya yavo inofarira zvinonyangadza zvavo;
4 naizvozvo neniwo ndichavasarudzira kuranga kuchavaomera,
uye ndichauyisa pamusoro pavo izvo zvavanotya.
Nokuti pandakadana, hapana akapindura,
pandakataura, hapana akateerera.
Vakaita zvakaipa pamberi pangu
vakasarudza zvisingandifadzi.”

5 Inzwai shoko raJehovha,
imi munodedera pamunonzwa shoko rake:
“Hama dzenyu dzinokuvengai,
uye dzinokutsaurai nokuda kwezita rangu, dzakati,
‘Jehovha ngaaratidze kukudzwa kwake,
kuti tione mufaro wenyu!’
Asi ivo vachanyadziswa.
6 Inzwai maungira ebope anobva muguta,
inzwai mheremhere inobva mutemberi!
Ndiwo maungira aJehovha
achiripira vavengi vake zvose zvakavakodzera.

7 “Asati arwadziwa nemimba,
anosununguka;
kurwadza kusati kwauya pamusoro pake,
anosununguka mwanakomana.
8 Ndiani akambonzwa chinhu chakadai?
Ndiani akamboona zvinhu zvakadai?
Ko, nyika ingazvarwa pazuva rimwe here
kana rudzi rungazvarwa pakarepo here?
Kunyange zvakadaro, Zioni rakangoti kurwadziwa,

pakarepo ndokubereka vana varo.
9 Ndingasvitsa panguva yokubereka
ndikasaberekesa here?" ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ko, ndinozarira chizvaro
pandinoberekesa here?" ndizvo zvinotaura Mwari wenyu.
10 "Pemberai pamwe chete neJerusarema uye mufarisise nokuda kwaro,
imi mose munorida;
farisisai pamwe chete naro,
imi mose munochema pamusoro paro.
11 Nokuti muchanwa mukaguta
pamazamu ake anonyaradza;
muchanwa zvikuru kwazvo
uye muchafadzwa nezvakawanda zvake zvinopfachukira."
12 Nokuti zvanzi naJehovha:
"Ndichawedzera rugare kwaari sorwizi,
uye upfumi hwendudzi sokudira kworukova;
muchayamwa uye muchatakurwa paruoko rwake,
uye muchavaraidzwa pamabvi ake.
13 Samai vanonyaradza mwana wavo,
saizvozvo ndichakunyaradzai;
uye muchanyaradzwa pamusoro peJerusarema."

14 Pamuchaona izvozvo, mwoyo wenyu uchafara,
uye muchaita bumhudza sebundo;
ruoko rwaJehovha rucharatidzwa kuvaranda vake,
asi hasha dzake dzicharatidzwa kuvavengi vake.
15 Tarirai, Jehovha ari kuuya nomoto,
uye ngoro dzake dzakaita sechamupupuri;
achaburutsa kutsamwa kwake nehasha huru,
uye kutuka kwake nomurazvo womoto.
16 Nokuti nomoto uye nomunondo wake
Jehovha achatonga vanhu vose,
uye vazhinji vachava vaya vanourayiwa naJehovha.
17 "Vaya vanozvinatsa nokuzvichenesa kuti vaende mumapindu, va-
chitevera munhu ari pakati paavo vanodya nyama yenguruve nembeva
uye nezvimwe zvinhu zvinonyangadza, magumo avo achava mamwe
chete," ndizvo zvinotaura Jehovha.
18 "Nokuti ini nokuda kwamabasa avo nepfungwa dzavo, ndiri kuuya
kuzounganidza marudzi ose nendimi dzose; vachauya uye vachaona
kubwinya kwangu.
19 "Ndichaisa chiratidzo pakati pavo, uye ndichatumira vamwe vavaka-
punyuka kundudzi, kuTashishi, nokuvaRibhiya navaRidhia (vane mbiri
yokuwembura uta), nokuTubhari nokuGirisi, nokuzviwi zviri kure
zvisina kumbonzwa nezvembiri yangu kana kuona kubwinya kwangu.
Vachaparidza kubwinya kwangu pakati pendudzi. 20 Uye vachauyisa
hama dzenyu dzose, kubva kundudzi dzose, kugomo rangu dzvene
muJerusarema, sechipo kuna Jehovha, pamusoro pamabhiza, nomungoro
uye mungoro dzina matenga, napamanyurusi uye napangamera," ndizvo
zvinotaura Jehovha. "Vachazviuyisa, savaIsraeri vanouyisa zvipiriso
zvavo zvezviyo, kutemberi yaJehovha mumidziyo yakacheneswa. 21 Ipapo
ndichasarudza vamwe vavo kuti vave vaprista navaRevhi," ndizvo zvino-
taura Jehovha.

22 “Nokuti sezvakaita matenga matsva nenyika itsva zvandinoita zvic-
hazogara pamberi pangu,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “saizvozvo zita
renyu nezvizvarwa zvenyu zvichagara. 23 Kubva paKugara kwoMwedzi
kusvikira kuno mumwe, uye kubva paSabata rimwe kusvikira kune
rimwe, marudzi ose achauya kuzokotama pamberi pangu,” ndizvo
zvinotaura Jehovha. 24 “Vachabudapo vachindotarira zvitunha zvaavo
vaindimukira; honye yavo haizofi, moto wavo haungadzimwi, uye
vachasemesa vanhu vose.”

# JEREMIA

1 Mashoko aJeremia mwanakomana waHirikia, mumwe wavaprista
paAnatoti munyika yaBhenjamini. 2 Shoko raJehovha rakauya kwaari
mugore regumi namatatu rokutonga kwaJosia mwanakomana waAmoni
mambo weJudha, 3 uye nomunguva yokutonga kwaJehoyakimi mwanako-
mana waJosia mambo weJudha, kusvikira pamwedzi wechishanu wegore
regumi nerimwe raZedhekia mwanakomana waJosia mambo weJudha,
vanhu veJerusarema pavakazoenda kuutapwa.

*Kudanwa kwaJeremia*

4 Shoko raJehovha rakauya kwandiri, richiti,
5 "Ndisati ndakuumba mudumbu ramai vako, ndakakuziva iwe,
usati waberekwa, ndakakutsaura;
ndakakugadza somuprofita kumarudzi."

6 Ini ndikati, "Haiwa, Ishe Jehovha, handigoni kutaura; ndinongova
mwana hangu."

7 Asi Jehovha akati kwandiri, "Usati, 'Ndinongova mwana hangu.' Un-
ofanira kuenda kuna ani naani wandinokutuma kwaari undotaura zvose
zvandinokurayira. 8 Usavatya, nokuti ini ndinewe uye ndichakurwira,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

9 Ipapo Jehovha akatambanudza ruoko rwake akabata muromo wangu
akati kwandiri, "Zvino ndaisa mashoko angu mumuromo mako. 10 Tarira,
nhasi ndakugadza pamusoro pendudzi napamusoro poushe kuti udzure,
ubvarure, uparadze, ukoromore, uvake uye usime."

11 Shoko raJehovha rakauya kwandiri richiti, "Jeremia, uri kuonei?"

Ndakapindura ndikati, "Ndiri kuona davi romuti womuarimondi."

12 Jehovha akati kwandiri, "Waona zvakanaka, nokuti ndiri kutarira kuti
ndione kuzadziswa kweshoko rangu."

13 Shoko raJehovha rakauyazve kwandiri richiti, "Uri kuoneiko?"

Ndakapindura ndikati, "Ndiri kuona hari iri kuvira, yakarerekera kubva
kumusoro."

14 Jehovha akati kwandiri, "Njodzi ichadururirwa pamusoro pavanhu
vagere munyika ichibva nokumusoro. 15 Nokuti iye zvino ndiri kudana
vanhu vose voushe hwokumusoro," ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Madzimambo avo achauya achizoisa zvigaro zvavo zvoushe
pamasuo eJerusarema;
vachauya kuzorwisa masvingo aro ose akarikomberedza
uye namaguta ose eJudha.
16 Ndichareva zvandakatonga pamusoro pavanhu vangu
nokuda kwezvakaipa zvavo zvavakaita vachindisiya,
vachipisira zvinonhuhwira kuna vamwe vamwari
uye vachinamata zvakaumbwa namaoko avo.

17 "Iwe chigadzirira! Simuka uvataurire zvose zvandinokurayira.
Usavhundutswa navo, kuti ini ndirege kuzokuvhundutsa pamberi pavo.
18 Nhasi ndakuita guta rakakomberedzwa nembiru yesimbi namasvingo
endarira, kuti urwe nenyika yose, urwe namadzimambo eJudha, na-
machinda avo, navaprista vavo uye navanhu venyika. 19 Vacharwa
newe asi havangakukundi, nokuti ndinewe uye ndichakurwira," ndizvo
zvinotaura Jehovha.

# 2

*Israeri inosiya Mwari*

1 Shoko raJehovha rakauya kwandiri richiti, 2 "Enda unoparidza mun-
zeve dzeJerusarema uchiti:
" 'Ndinorangarira kunamata kwouduku hwako,
kuti somwenga waindida sei
uye uchinditevera nomukati merenje,
uye nomunyika isina munhu anogaramo.
3 Israeri akanga ari mutsvene kuna Jehovha,
ari chibereko chokutanga chokukohwa kwake;
vose vakanga vachimudya vaipiwa mhosva,
uye njodzi yakavawira,' "
ndizvo zvinotaura Jehovha.

4 Inzwai shoko raJehovha imi imba yaJakobho,
nemi mose vorudzi rweimba yaIsraeri.
5 Zvanzi naJehovha:
"Madzibaba enyu akawana mhosva yei kwandiri,
zvavakaenda kure neni?
Vakatevera zvifananidzo zvisina maturo
ivo vakava vasina maturo pachavo.
6 Havana kubvunza kuti, 'Jehovha aripiko,
iye akatibudisa kubva munyika yeIjipiti akatitungamirira nomug-
wenga risina miti,
nomunyika yamarenje namakoronga,
iyo nyika yakaoma uye yerima,
nyika isina munhu anofambamo
uye isina munhu anogaramo?'
7 Ndakakupinzai munyika yakaorera
kuti mudye zvibereko zvayo nezvakanaka zvayo.
Asi makasvika mukasvibisa nyika yangu,
mukaita nhaka yangu kuti ive chinhu chinonyangadza.
8 Vaprista havana kubvunza kuti,
'Jehovha aripiko?'
Vakanga vachifambisa murayiro havana kundiziva;
vatungamiri vakandimukira.
Vaprofita vakaprofita naBhaari,
vachitevera zvifananidzo zvisina maturo.

9 "Naizvozvo ndinokupai mhosva zvakare,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ndichapazve mhosva vana vavana venyu.
10 Yambukirai kumiganhu yeKitimi muone,
tumai vanhu kuKedhari mugonyatsocherechedza;
muone kana pakambova nechimwe chinhu chakadai:
11 Ko, rudzi rwakambotsinhanisa vamwari varwo here?
Uye havasi vamwari zvachose.
Asi vanhu vangu vakatsinhanisa kukudzwa kwavo
nezvifananidzo zvisina maturo.
12 Haiwa, imi matenga, shamiswai nechinhu ichi,
uye mudedere nokutya kukuru,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

13 “Vanhu vangu vakaita zvakaipa zviviri:
Vakandisiya ini,
tsime remvura mhenyu,
vakazvicherera zvirongo
zvisingachengeti mvura.
14 Ko, Israeri muranda here, kana nhapwa pakuberekwa?
Nemhaka yeiko apambwa zvino?
15 Shumba dzakaomba;
dzikanguruma kwaari.
Dzakaparadza nyika yake;
maguta ake akapiswa uye haachina vanhu.
16 Uyezve, vanhu veNofi neveTapanesi
vakaveura musoro wako.
17 Ko, hauna kuzvivigira izvozvo pachako here
pawakasiya Jehovha Mwari
wako paakanga achikutungamirira munzira?
18 Zvino, unoendereiko kuIjipiti
kundonwa mvura inobva muShihori?
Uye unodireiko kuenda kuAsiria
kundonwa mvura inobva murwizi?
19 Zvakaipa zvako zvichakuranga;
kudzokera shure kwako kuchakutuka.
Rangarira uye uyeuke zvino kuti zvakaipa sei
uye zvinovava sei kwauri,
ukange wasiya Jehovha Mwari wako,
uye usingandityi,”
ndizvo zvinotaura Ishe, Jehovha Wamasimba Ose.

20 “Wakavhuna joko rako kare kare
uye wakadambura makashu ako;
ukati, ‘Handidi kukushumirai!’
Zvirokwazvo, pamusoro pechikomo chirefu choga choga,
uye pasi pomuti woga woga wakapfumvutira,
wakarara pasi pawo sechifeve.
21 Ndakanga ndakusima somuzambiringa wakanakisa,
uri mbeu kwayo inovimbika.
Ko, zvino wakazondishandukira
sei ukava muzambiringa webundo wakaora?
22 Kunyange ukazvishambidza nesoda
uchishandisa sipo yakawanda,
gwapa remhosva yako rinoramba riri mberi kwangu,”
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
23 “Unoreva sei, uchiti, ‘Handina kusvibiswa;
handina kutevera Bhaari’?
Tarisa zvawakaita mumupata;
funga zvawakaita.
Iwe uri ngamera yehadzi
inomhanya apa nepapo,
24 uri mbizi yakarovedzwa mugwenga,
inofembedza mhepo mukushuva kwayo;
ndiani angaidzora pakupfumvura kwayo?
Mukono upi noupi unoitevera haufaniri kuzvinetesa;
panguva yokusangana uchaiwana.

25 Usamhanya kusvikira tsoka dzako
dzisisina shangu nehuro yako yava nenyota.
Asi iwe wakati, ‘Hazvibatsiri!
Ndinoda vamwari vokumwe,
uye ndinofanira kuvatevera.’

26 “Sokunyadziswa kwembavha yabatwa,
saizvozvo imba yaIsraeri yanyadziswa,
ivo namadzimambo avo uye namachinda avo,
vaprista vavo navaprofita vavo.
27 Vanoti kudanda, ‘Ndiwe baba vangu,’
uye kuibwe, ‘Ndiwe wakandibereka.’
Vakandifuratira ini
asi zviso zvavo hazvina,
nyamba pavanenge vava munhamo, vanoti kwandiri,
‘Uyai mutiponese!’
28 Ko, zvino vamwari vamakazviitira varipi?
Ngavauye kana vachigona kukuponesai
pamunenge mava munhamo!
Nokuti muna vamwari vakawanda
kupfuura maguta amunawo, imi Judha.

29 “Seiko muchindipa mhosva?
Imi mose makandimukira,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
30 “Ndakaranga vana venyu pasina;
havana kuteerera kurangwa.
Munondo wenyu wakamedza vaprofita,
kufanana neshumba inoparadza.

31 “Haiwa, imi vechizvarwa ichi, rangarirai Shoko raJehovha rinoti:

“Ndanga ndiri renje kuna Israeri
here kana nyika yerima guru?
Ko, vanhu vangu vanotaurireiko vachiti,
‘Takasununguka kuenda kwatada; hatichazouyizve kwamuri?’
32 Ko, murandakadzi angakanganwa zvishongo zvake here,
nomwenga angakanganwa nguo dzake dzomuchato here?
Asi vanhu vangu vakandikanganwa ini,
mazuva asingaverengeki.
33 Mune ruzivo rwakadii pakutevera rudo!
Kunyange vakadzi vakaipisisa vangadzidza kubva panzira dzenyu.
34 Panguo dzako vanhu vanowanapo
ropa ravarombo vasina mhaka,
kunyange usina kuvabata vachipaza.
Asi kunyange zvakadaro
35 unoti, ‘Handina mhosva;
uye haana kunditsamwira.’
Asi ndichatema mutongo wangu
pauri nokuti unoti, ‘Handina kutadza.’
36 Ko, unofambireiko pose pose zvakadai,
uchishandura nzira dzako?

Iwe uchagumburwa neIjipiti,
sezvawakaitwa neAsiria.
37 Uchabvawo panzvimbo iyoyo
wakaisa maoko ako pamusoro pako,
nokuti Jehovha akaramba vose vaunovimba navo;
iwe hauchazobatsirwi navo.

# 3

1 “Kana murume akaramba mukadzi wake,
iye akamusiya hake akandowanikwa nomumwe murume,
murume uyu angadzokerazve kwaari here?
Ko, nyika haingasvibiswi here?
Asi iwe wakararama sechifeve navadiwa vazhinji,
zvino ungadzokera kwandiri here?”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
2 “Tarira kunzvimbo dzakakwirira dzisina miti uone.
Iripo here nzvimbo yausina kumboitira ufeve?
Mujinga menzira wakagaramo wakamirira zvikomba,
wakagara kunge vanhu vouragu vari murenje.
Wakasvibisa nyika noufeve hwako
uye nezvakaipa zvako.
3 Naizvozvo wakanyimwa mvura inopfunha,
uye nemvura yomuchirimo haina kunaya.
4 Ko, handiti uchangobva pakundidana here uchiti,
‘Baba vangu, shamwari yangu kubva pauduku hwangu,
5 muchagara makatsamwa here?
Kutsamwa kwenyu kucharamba kuripo nokusingaperi here?’
Aya ndiwo matauriro ako,
asi unoita zvakaipa zvose zvaunogona kuita.”

*Israeri woKusatendeka*

6 Panguva yokutonga kwaMambo Josia, Jehovha akati kwandiri,
“Waona here zvaitwa naIsraeri wokusatendeka? Ari kuenda pamu-
soro pezvikomo zvose zvakakwirira nepasi pemiti yose yakapfumvutira
achindoita ufevepo. 7 Ndakafunga kuti mushure mokuita kwake izvi
zvose, achadzokera kwandiri asi iye haana, uye munun’una wake Judha
wokusatendeka akazviona. 8 Ndakapa Israeri wokusatendeka tsamba
yokurambana ndikamudzinga nokuda kwoufeve hwake. Kunyange
zvakadaro ndakaona kuti Judha munun’una wake wokusatenda haatyi;
naiyewo akabuda akandoita ufeve. 9 Nokuti ufeve hwaIsraeri hahuna
zvahwakareva kwaari, akasvibisa nyika nokufeva namabwe namatanda.
10 Kunyange izvi zvakadaro, munun’una wake Judha wokusatendeka
haana kudzokera kwandiri nomwoyo wake wose, asi kunyengera chete,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

11 Jehovha akati kwandiri, “Israeri wokusatenda akarurama kukunda
Judha wokusatendeka. 12 Enda undoparidza shoko iri kurutivi rwokumu-
soro uchiti,
“ ‘Dzokai imi Israeri vokusatenda,’ ndizvo zvinotaura Jehovha,
‘Handichazorambi ndakafinyamisa chiso changu kwamuri,
nokuti ndizere nengoni,’ ndizvo zvinotaura Jehovha,
‘handingarambi ndakatsamwa nokusingaperi.
13 Imi zivai mhosva yenyu chete,

kuti makamukira Jehovha Mwari wenyu,
mukafadza vamwari
vavatorwa muri pasi pomuti mumwe nomumwe wakapfumvutira,
uye hamuna kunditeerera,' "
ndizvo zvinotaura Jehovha.
14 "Dzokai, imi vanhu vokusatenda," ndizvo zvinotaura Jehovha, "nokuti
ndini murume wenyu. Ndichakusarudzai, ndichatora mumwe chete
kubva kune rimwe guta, uye vaviri kubva kuno rumwe rudzi, ndigoku-
uyisai kuZioni. 15 Ipapo ndichakupai vafudzi vanofadza mwoyo wangu,
ivo vachakutungamirirai noruzivo nokunzwisisa. 16 Mumazuva iwayo,
pamunenge mawanda zvikuru munyika," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"vanhu havangazoti, 'Areka yesungano yaJehovha.' Hazvingazopindi
mundangariro dzavo kana kurangarirwa; havazoishuvi, havangagadziri
imwezve. 17 Panguva iyoyo vachatumidza Jerusarema kuti Chigaro
choUshe chaJehovha, uye ndudzi dzose dzichaungana muJerusarema
kuzokudza zita raJehovha. Havachazoteverizve kusindimara kwemwoyo
yavo yakaipa. 18 Mumazuva iwayo imba yaJudha ichabatana neimba
yaIsraeri, uye vose pamwe chete vachauya vachibva kunyika yokumusoro
vachienda kunyika yandakapa madzibaba enyu kuti ive nhaka.
19 "Ini pachangu ndakati,
" 'Ndichafara sei pakukubatai savanakomana vangu
uye ndichikupai nyika inoyevedza,
iyo nhaka yakaisvonaka yorudzi rupi zvarwo.'
Ndakafunga kuti muchanditi 'Baba'
mukasazotsauka pakunditevera.
20 Asi sezvinoita mukadzi asina kutendeka kumurume wake,
saizvozvo makanga musina kutendeka kwandiri, imi imba yaIsraeri,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

21 Kuchema kunonzwika panzvimbo dzakakwirira dzisina miti,
iko kuchema nokuteterera kwavanhu veIsraeri,
nokuti vakaminamisa nzira dzavo
uye vakakanganwa Jehovha Mwari wavo.

22 "Dzokai, imi vanhu vokusatenda;
ndichakurapai pakudzokera kwenyu shure."

"Hongu, tichauya kwamuri,
nokuti imi muri Jehovha Mwari wedu.
23 Zvirokwazvo mheremhere youfeve iri pazvikomo,
napamakomo unyengeri;
zvirokwazvo muna Jehovha Mwari wedu
ndimo mune ruponeso rwaIsraeri.
24 Kubva pauduku hwedu nyadzi dzakadya
zvibereko zvamabasa amadzibaba edu,
makwai avo, nemombe dzavo,
vanakomana navanasikana vavo.
25 Ngativatei pasi munyadzi dzedu,
uye kunyara kwedu ngakutifukidze.
Takatadzira Jehovha Mwari wedu,
isu tose namadzibaba edu;
kubva pauduku hwedu kusvikira nhasi
hatina kuteerera Jehovha Mwari wedu."

# 4

1 “Haiwa Israeri, kana muchida kudzoka,
dzokai kwandiri,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Kana mukabvisa pamberi pangu zvifananidzo zvenyu
zvinonyangadza uye mukasarasikazve,
2 kana mukapika muchokwadi,
nokururama uye nenzira yakarurama muchiti:
‘Zvirokwazvo naJehovha mupenyu,’
ipapo ndudzi dzicharopafadzwa naye uye dzichazvirumbidza maari.”
3 Izvi ndizvo zvinotaura Jehovha kuvanhu veJudha neJerusarema:
“Zviundirei gombo
muregе kudyara pakati peminzwa.
4 Zvidzingisirei kuna Jehovha,
dzingisai mwoyo yenyu,
imi varume veJudha nemi vanhu veJerusarema,
kuti kutsamwa kwangu kurege kukubudirai kukapisa somoto,
nokuda kwezvakaipa zvamakaita,
iko kupisa kusina angakudzima.

*Njodzi inobva nokumusoro*

5 “Zivisai munyika yaJudha uye muparidze muJerusarema muchiti:
‘Ridzai hwamanda munyika yose!’
Danidzirai nesimba muchiti:
‘Unganai pamwe chete!
Ngatitizirei kumaguta akakomberedzwa!’
6 Simudzai mureza wokuenda kuZioni!
Tizai muvande musinganonoki!
Nokuti ndiri kuuyisa njodzi inobva kumusoro,
iko kuparadza kwakaipisisa.”

7 Shumba yabuda mudenhere rayo;
muparadzi wendudzi abuda.
Asiya nzvimbo yake
kuti aparadze nyika yenyu.
Maguta enyu achava matongo
pasina achagaramo.
8 Naizvozvo pfekai masaga,
chemai muungudze,
nokuti kutsamwa kwaJehovha
kunotyisa hakuna kubva kwatiri.

9 “Pazuva iro,” ndizvo zvinotaura Jehovha,
“mambo namachinda vachaora mwoyo,
vaprista vachatyiswa,
uye vaprofita vachavhundutswa.”
10 Ipapo ndakati, “Haiwa, Ishe Jehovha, makanyengera kwazvo vanhu
ava neJerusarema muchiti, ‘Muchava norugare,’ nyamba munondo uri
pahuro dzedu.”
11 Panguva iyoyo vanhu ava neJerusarema vachaudzwa kuti, “Mhepo
inopisa inobva kunzvimbo dzakakwirira dzisina miti mugwenga inovhu-
vhuta yakananga vanhu vangu, asi isingapepeti kana kunatsa; 12 mhepo

ine simba kwazvo kudarika iyoyo ichabva kwandiri. Zvino ndiwo wava
mutongo wangu pamusoro pavo."
13 Tarirai! Ari kuuya samakore,
ngoro dzake dzinouya sechamupupuri,
mabhiza ake anomhanya kupfuura makondo,
Tine nhamo! Taparara!
14 Haiwa Jerusarema, shamba zvakaipa zviri mumwoyo mako ugo-poneswa.
Ucharamba uchingoviga pfungwa dzako dzakaipa kusvikira riini?
15 Inzwi rinodanidzira richibva kuDhani,
richizivisa nezvenjodzi inobva kuzvikomo zveEfuremu.
16 "Zivisai izvi kumarudzi,
zviparidzei kuJerusarema muchiti:
'Hondo ichakukombai iri kuuya ichibva kunyika iri kure,
ichidanidzira zvehondo yokurwisa maguta eJudha.
17 Vanorikomba savanhu vakarinda munda,
nokuti rakandimukira,' "
ndizvo zvinotaura Jehovha.
18 "Tsika dzako namabasa ako ndizvo zvauyisa
izvi pamusoro pako.
Ichi ndicho chirango chako.
Haiwa, zvinovava sei!
Haiwa, zvinobaya sei mwoyo!"

19 Maiwe, kurwadziwa kwangu,
kurwadziwa kwangu!
Ndiri kubidirika nokurwadziwa.
Haiwa, kurwadza kwomwoyo wangu!
Hana yangu inorova mukati mangu, handinganyarari.
Nokuti ndanzwa kurira kwehwamanda;
ndanzwa mheremhere yehondo.
20 Njodzi inotevera njodzi;
nyika yose yava dongo.
Munguva shoma shoma, matende angu aparadzwa,
musha wangu nenguva diki diki.
21 Ndicharamba ndichiona mureza wehondo kusvikira riniko,
uye ndichanzwa kurira kwehwamanda kusvikira riniko?

22 "Vanhu vangu mapenzi;
havandizivi ini.
Vana vasina pfungwa;
havanzwisisi.
Vakangwarira kuita zvakaipa;
havazivi kuita zvakanaka."

23 Ndakatarira nyika,
yakanga isina kugadzirwa, isina chinhu;
uye nokumatenga,
chiedza chawo chakanga chisisipo.
24 Ndakatarira pamakomo,
tarirai, aidengenyeka;
zvikomo zvose zvaizeya.
25 Ndakatarira, ipapo pakanga pasina vanhu;

shiri dzose dzedenga dzakanga dzabhururuka dzikaenda kure.
26 Ndakatarira, ndokuona nyika yaibereka zvibereko yava gwenga;
maguta ayo ose ava matongo pamberi paJehovha,
pamberi pehasha dzake dzinotyisa.
27 Zvanzi naJehovha:
"Nyika yose ichaparadzwa,
kunyange hangu ndisingazoiparadzi zvachose.
28 Naizvozvo nyika ichachema
uye matenga kumusoro achava rima
nokuti ndini ndazvitaura uye handingaregi kuzviita,
ndini ndazvisarudza uye handingadzokeri shure."

29 Paanonzwa kutinhira kwavatasvi vamabhiza nokwavawemburi vouta,
maguta ose anotiza.
Vamwe vanopinda mumatenhere;
vamwe vanokwira pakati pamatombo.
Maguta ose asara asina munhu;
hapana anogaramo.

30 Uchaiteiko, iwe wokuparadzwa?
Wapfekereiko nguo tsvuku,
uye unoshongereiko zvishongo zvegoridhe?
Wazorereiko meso ako pendi?
Unongozvishongedzera pasina.
Zvikomba zvako zvinokushora;
zvinotsvaka kukuuraya.

31 Ndiri kunzwa kuchema sekwomukadzi anorwadziwa pakusununguka,
kugomera sekwomukadzi opona dangwe rake,
kuchema kwoMwanasikana weZioni ari kufemedzeka,
achitambanudza maoko ake achiti,
"Maiwe! Ndoziya;
upenyu hwangu hwaiswa kuvaurayi."

# 5

*Hakuna akarurama*

1 "Kwirai nokudzika nemigwagwa yeJerusarema,
tarirai pose pose mugofunga,
tsvakai muzvivara zvaro muone
kana mukawana kana munhu mumwe
anoita zvakanaka uye anotsvaka zvokwadi,
ipapo ndicharegerera guta iri.
2 Kunyange vachiti havo, 'NaJehovha mupenyu,'
vanenge vachingopika nhema."
3 Haiwa Jehovha, meso enyu haatsvaki chokwadi here?
Makavarova, asi havana kunzwa kurwadziwa;
Makavapwanya, asi vakaramba kurayirwa.
Vakaomesa zviso zvavo kupfuura dombo
uye vakaramba kutendeuka.
4 Ndakafunga ndikati, "Ava varombo bedzi;
mapenzi,
nokuti havazivi nzira yaJehovha,

nezvinodikanwa naMwari wavo.
5 Naizvozvo ndichaenda kuvatungamiri
ndigotaura navo;
zvirokwazvo vanoziva nzira yaJehovha,
zvinodiwa naMwari wavo."
Asi nomwoyo mumwe, naivowo vakanga vavhuna joko,
vakadambura makashu.
6 Saka shumba inobva musango ichavauraya,
bere rinobva mugwenga richavabvambura,
ingwe ichavavandira pedyo
namaguta avo kuti ibvamburanye vose vanobudamo,
nokuti kundimukira kwavo kukuru
uye kudzokera shure kwavo kwawanda.

7 "Ndingakukanganwirai seiko?
Vana venyu vakandisiya,
uye vakapika navamwari vasati vari vamwari.
Ndakavapa zvose zvavaishayiwa,
asi ivo vakaita ufeve
vakandoungana kudzimba dzezvifeve.
8 Ivo mabhiza anodya achiguta azere ruchiva,
mumwe nomumwe achidokwairira mukadzi womumwe.
9 Ko, handingavarangi nokuda kwaizvozvi here?"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ko, handingazvitsiviri
here parudzi rwakadai?

10 "Endai nomuminda yavo yamazambiringa muiparadze,
asi musaiparadza zvachose.
Bvisai matavi awo,
nokuti vanhu ava havasi vaJehovha.
11 Imba yaIsraeri neimba yaJudha
vanga vasina kutendeka kwandiri zvachose,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
12 Vakarevera Jehovha nhema,
vachiti, "Haana chaachaita!
Hakuna chakaipa chichaitika kwatiri;
hatichazombooni hondo kana nzara.
13 Vaprofita vangova mhepo,
uye shoko harimo mavari.
Saka zvavanotaura ngazviitwe kwavari."
14 Naizvozvo zvanzi naJehovha Mwari Wamasimba Ose:
"Nokuti vanhu vakataura mashoko aya,
ndichaita kuti mashoko angu
ave moto mumuromo mako,
uye vanhu ava kuti vave huni dzinopiswa nawo.
15 Haiwa imi imba yaIsraeri," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"ndiri kuuyisa rudzi runobva kure kuzokurwisai,
rudzi rwakare kare uye rudzi rwakashinga,
vanhu vane rurimi rwamusinganzwi,
vano mutauro wamusinganzwisisi.
16 Magoba avo akafanana neguva rakashama;
vose zvavo varwi vane simba.

17 Vachadya zvamakakohwa nezvokudya zvenyu,
vachauraya vanakomana navanasikana venyu;
vachadya makwai enyu nemombe dzenyu,
vachadya mazambiringa namaonde enyu.
Vachaparadza nomunondo,
maguta enyu akakomberedzwa iwo amunovimba nawo.
18 "Kunyange mumazuva iwayo," ndizvo zvinotaura Jehovha, "hand-
ingakuparadzei zvachose. 19 Zvino kana vanhu vakabvunza kuti, 'Ko,
Jehovha Mwari wedu aitirei izvi kwatiri?' imi muchavaudza kuti,
'Sezvo makandisiya mukandoshumira vamwari vavatorwa munyika
yenyu chaiyo, saizvozvowo zvino muchashandira vatorwa munyika isiri
yenyu.'
20 "Zivisai izvi kuimba yaJakobho
mugozviparidza maJudha muchiti:
21 Inzwai izvi imi mapenzi navanhu vasina pfungwa,
vane meso, asi vasingaoni,
vane nzeve, asi vasinganzwi:
22 Ko, hamufaniri kunditya here?" ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ko, hamufaniri kudedera pamberi pangu here?
Ndakaita jecha kuti rive muganhu wegungwa,
muganhu warisingadariki nokusingaperi.
Mafungu angafashama, asi haangakundi;
angavirima asi haangaudariki.
23 Asi vanhu ava vane mwoyo yakasindimara uye inondimukira;
vakatsauka vakaenda kure.
24 Havati mumwoyo yavo,
'Ngatityei Jehovha Mwari wedu,
anotipa mvura yaMatsutso neyoMunakamwe nenguva yayo,
anotitsidzira mavhiki akatarwa okukohwa.'
25 Zvakaipa zvenyu zvakadzingira izvi kure;
zvivi zvenyu zvakadzivisa kuti zvinhu zvakanaka zviuye kwamuri.

26 "Pakati pavanhu vangu pane vanhu vakaipa
vanovandira kufanana savanhu vanoteya shiri nougombe
uye savaya vanoisa misungo yokubata vanhu.
27 Sedendere rizere neshiri,
dzimba dzavo dzizere nokunyengera;
vapfuma uye vava nesimba,
28 uye vafuta uye vobwinya.
Zvakaipa zvavo hazvina magumo,
havatambi mhaka dzenherera kuti vakunde,
havadziviriri kodzero dzavarombo.
29 Ko, handifaniri kuvaranga pane izvi here?"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ko, handingazvitsiviri here
parudzi rwakadai?

30 "Chinhu chinosemesa uye chinovhundutsa
chaitika panyika.
31 Vaprofita vanoprofita nhema,
vaprista vanotonga nesimba ravo
uye vanhu vangu vanofarira izvozvo.

Asi muchaiteiko pakupedzisira?

# 6

*Kukombwa kweJerusarema*

1 “Tizai kuti murarame, imi vana veBhenjamini!
Tizai mubve muJerusarema!
Ridzai hwamanda muTekoa!
Simudzai chiratidzo pamusoro peBheti Hakeremu!
Nokuti njodzi yava pedyo ichibva kumusoro,
iko kuparadza kwakaipisisa.
2 Ndichaparadza mwanasikana weZioni,
akanakisa uye anoyevedza.
3 Vafudzi namapoka amakwai avo vachauya kuzomurwisa;
vachadzika matende avo vakamukomba,
mumwe nomumwe achifudza chikamu chake.”
4 Gadzirirai kurwa naye!
Simukai, ngatimurwisei masikati!
“Asi, yowe-e, zuva rovira,
uye mimvuri yamadekwana yoreba.
5 Naizvozvo simukai, ngatimurwisei usiku,
uye tiparadze nhare dzake!”

6 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
“Temerai miti pasi,
mugovakira Jerusarema mirwi yokurikomba.
Guta iri rinofanira kurangwa;
rizere nokumanikidza.
7 Setsime rinoeredza mvura yaro,
saizvozvo Jerusarema rinodurura zvakaipa zvaro.
Kuita nechisimba nokuparadza zvinonzwikwa mariri,
kurwara kwaro namavanga zvinoramba zviri pamberi pangu.
8 Inzwa yambiro, iwe Jerusarema,
kuti ndisakufuratira
ndikaita nyika yako dongo,
kuti isava nomunhu angagara mairi.”
9 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
“Ngavatanhe zvakasara zvaIsraeri
vatanhe zvachose samazambiringa;
utambanudzirezve ruoko rwako kumatavi,
sezvinoita munhu anounganidza mazambiringa.”

10 Ndingataura naaniko wandingayambira?
Ndianiko achandinzwa?
Nzeve dzavo dzakadzivirwa
kuti varege kunzwa.
Shoko raJehovha chigumbuso kwavari;
havawani mufaro mariri.
11 Asi ini ndizere nehasha dzaJehovha,
uye handichagoni kuzvidzora.

“Dzidururire pamusoro pavana vari munzira dzomuguta,
napamusoro pamajaya akaungana pamwe chete;

zvose murume nomukadzi vachabatwa imomo,
navatana, vaya vabva zera.
12 Dzimba dzavo dzichapiwa vamwe,
minda yavo pamwe chete navakadzi vavo,
pandichatambanudza ruoko rwangu pamusoro pavagere panyika,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
13 "Kubva kumudiki kusvikira kuvakuru,
vose vanokarira pfuma;
vaprofita navaprista zvimwe chetezvo,
vose vanoita zvokunyengera.
14 Vanosunga ronda ravanhu vangu
sokunge vasina kukuvara zvikuru.
Vanoti, 'Rugare, rugare,'
ipo pasina rugare.
15 Ko, vanonyadziswa nokusemesa kwamafambiro avo here?
Kwete, havana nyadzi zvachose;
havambozivi kuratidza nyadzi.
Naizvozvo vachawira pakati pavakawa;
vachadzikiswa pandichavaranga,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
16 Zvanzi naJehovha:
"Mirai pamharadzano dzenzira muone;
mubvunze nzira dzekare,
mubvunze kune nzira yakanaka, mugofamba mairi,
ipapo muchawana zororo remweya yenyu.
Asi imi makati, 'Hatizofambi mairi.'
17 Ndakagadza nharirire pamusoro penyu ndikati,
'Teererai inzwi rehwamanda!'
Asi imi makati, 'Hatizoteereri.'
18 Naizvozvo inzwai, imi ndudzi,
nemi zvapupu,
cherechedzai zvichaitika kwavari.
19 Inzwa, iwe nyika:
Ndiri kuuyisa njodzi pamusoro pavanhu ava,
icho chibereko chendangariro dzavo,
nokuti havana kuteerera mashoko angu,
uye vakaramba murayiro wangu.
20 Ndine hanya yeiko nezvinonhuhwira zvinobva kuShebha,
kana karamisi inotapira inobva kunyika iri kure?
Zvipiriso zvenyu zvinopiswa handizvidi;
zvibayiro zvenyu hazvindifadzi."
21 Naizvozvo zvanzi naJehovha:
"Ndichaisa zvipinganidzo pamberi pavanhu ava.
Madzibaba navanakomana vachagumburwa nazvo pamwe chete,
vavakidzani neshamwari vachaparara."
22 Zvanzi naJehovha:
"Tarirai, hondo iri kuuya
kubva kunyika yokumusoro;
rudzi rukuru rwuri kumutswa
kubva kumigumo yenyika.
23 Vakapakata uta nepfumo;
vane utsinye uye havana ngoni.
Vanonzwikwa sokutinhira kwegungwa

vakatasva mabhiza avo;
vari kuuya savanhu vazvigadzirira kurwa hondo
kuti vakurwise, iwe Mwanasikana weZioni."

24 Takanzwa guhu ravo,
uye maoko edu oshayiwa simba.
Tabatwa nokurwadziwa,
kurwadziwa kwakaita sekwomukadzi ari kusununguka.
25 Regai kuenda kumunda,
kana kufamba mumigwagwa,
nokuti muvengi ane munondo,
uye kumativi ose kune zvinotyisa.
26 Haiwa, vanhu vangu, pfekai masaga
mugoumburuka mumadota;
chemai nokuchema kukuru kwazvo
kunge munochemera mwanakomana mumwe chete,
nokuti muparadzi
achatiwira pakarepo.

27 "Ndakakuita muedzi wamatare
navanhu vangu mhangura,
kuti ucherechedze
uye uedze nzira dzavo.
28 Vose vamukiri vakaoma mwoyo,
vanongofamba-famba vachiita makuhwa.
Ivo indarira nesimbi;
vose vanoita zvakaora.
29 Mvuto inovhutira zvinotyisa
kuti ipise mutobvu nomoto,
asi kunatswa kunongova pasina;
nokuti vakaipa havasi kubviswa.
30 Vanonzi sirivha yakarambwa,
nokuti Jehovha akavaramba."

# 7

*Zvitendero zvenhema hazvina maturo*

1 Iri ndiro shoko rakauya kuna Jeremia richibva kuna Jehovha: 2 "Mira
pasuo reimba yaJehovha, uparidzepo shoko iri rokuti:
" 'Inzwai shoko raJehovha imi mose vanhu veJudha vanopinda napa-
masuo aya kuzonamata Jehovha. 3 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose,
Mwari waIsraeri: Shandurai nzira dzenyu namaitiro enyu, ndigokugari-
sai munzvimbo ino. 4 Musavimba namashoko anonyengedza muchiti,
"Iyi ndiyo temberi yaJehovha, temberi yaJehovha, temberi yaJehovha!"
5 Kana mukashandura chaizvoizvo nzira dzenyu namaitiro enyu mukaiti-
rana zvakarurama, 6 kana mukasamanikidza vatorwa, nenherera kana
chirikadzi uye mukasateura ropa risina mhosva panzvimbo ino, uye
kana mukasatevera vamwe vamwari muchizvipinza munjodzi, 7 ipapo
ndichakugarisai munzvimbo ino, munyika yandakapa madzitateguru
enyu nokusingaperi-peri. 8 Asi tarirai, munovimba namashoko okun-
yengera asina maturo.
9 " 'Mungaba mugouraya, mugoita upombwe mugopika nhema, muchip-
isira zvinonhuhwira kuna Bhaari, mugotevera vamwe vamwari vamusina

kumboziva, [10] ndokuzouya zvino momira pamberi pangu muimba ino,
iyo ine Zita rangu, muchiti, “Takasunungurwa,” makasunungurwa kuti
muite izvi zvose zvinonyangadza here? [11] Ko, imba ino, inodanwa neZita
rangu, yava bako ramakororo here? Asika, ndanga ndichizviona, ndizvo
zvinotaura Jehovha.
[12] “ ‘Chiendai zvino kunzvimbo iri muShiro pandakagarisa Zita rangu
pakutanga mugoona zvandakuitirai nokuda kwezvakaipa zvavanhu vangu
Israeri. [13] Pamakanga muchiita zvinhu zvose izvi, ndizvo zvinotaura
Jehovha, ndakataura nemi ndataurazve asi hamuna kuteerera; ndakaku-
danai asi hamuna kupindura. [14] Naizvozvo, zvandakaitira Shiro ndizvo
zvandichaita iye zvino kuimba inodanwa neZita rangu, iyo temberi
yamunovimba nayo, nzvimbo yandakakupai imi namadzibaba enyu.
[15] Ndichakubvisai pamberi pangu sezvandakaita kuhama dzenyu dzose,
ivo vanhu vaEfuremu.’
[16] “Naizvozvo iwe chirega kunyengeterera vanhu ava kana kupa
chikumbiro chipi zvacho kana kuvareverera; usavakumbirira kwandiri,
nokuti handingakunzwi. [17] Hauoni here zvavari kuita mumaguta eJudha
nomumigwagwa yeJerusarema? [18] Vana vanounganidza huni, madzibaba
ndokubatidza moto, uye madzimai anokanya furawu ndokuitira Mam-
bokadzi woKudenga makeke echingwa. Vanodurura zvipiriso zvokunwa
kuna vamwe vamwari kuti vanditsamwise. [19] Asi ndini here wavanot-
samwisa? ndizvo zvinotaura Jehovha. Ko, hakuzi kuzvikuvadza pachavo
here kuti vanyadziswe?
[20] “ ‘Naizvozvo Ishe Jehovha anoti: Kutsamwa kwangu nehasha dzangu
zvichadururirwa pamusoro penzvimbo iyi, pamusoro pavanhu nezvip-
fuwo, napamusoro pemiti yesango napamusoro pezvibereko zvevhu, uye
zvichatsva zvikasadzimwa.
[21] “ ‘Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri: Ender-
erai mberi, wedzerai zvipiriso zvenyu zvinopiswa pamusoro pezvimwe
zvibayiro mugodya nyama yacho pachenyu! [22] Nokuti pandakabudisa
madzitateguru enyu kubva muIjipiti ndikataura navo, handina kungovapa
mirayiro pamusoro pezvipiriso zvinopiswa nezvibayiro, [23] asi ndakavapa
murayiro uyu wokuti nditeererei, uye ndichava Mwari wenyu nemi
muchava vanhu vangu. Mufambe munzira dzose dzandakakurayirai, kuti
zvigova zvakanaka kwamuri. [24] Asi havana kuteerera kana kurereka
nzeve dzavo; asi vakatevera kutsauka kwoukukutu hwemwoyo yavo
yakaipa. Vakadzokera shure vakasaenda mberi. [25] Kubvira panguva
yakabuda madzitateguru enyu muIjipiti kusvikira zvino, zuva nezuva,
ndakatuma varanda vangu vaprofita ndavatumazve. [26] Asi havana
kunditeerera kana kuita hanya. Vaiva nemitsipa mikukutu uye vakaita
zvakaipa kupfuura madzitateguru avo.’
[27] “Pauchavataurira zvose izvi, havasi kuzokuteerera; pauchavadana,
havasi kuzokupindura. [28] Naizvozvo iwe uti kwavari, ‘Urwu ndirwo
rudzi rusina kuteerera Jehovha Mwari warwo kana kubvuma kurayirwa.
Chokwadi chakaparara, hachisisipo pamiromo yavo. [29] Veurai bvudzi
renyu mugorirasira kure; chemai muri pazvikomo zvisina miti, nokuti
Jehovha akaramba uye akasiya chizvarwa ichi chaakatsamwira.

### *Mupata woKuurayiwa kwaVanhu*

[30] “ ‘Vanhu veJudha vakaita zvakaipa pamberi pangu, ndizvo zvinotaura
Jehovha. Vakamisa zvifananidzo zvavo zvinonyangadza mumba yakapiwa
Zita rangu vakaisvibisa. [31] Vakavaka nzvimbo dzakakwirira dzeTofeti

muMupata waBheni Hinomi kuti vapise vanakomana navasikana vavo
mumoto, chinhu chandisina kuvarayira, chisina kumbopinda mupfungwa
dzangu. 32 Saka chenjerai, mazuva anouya, ndizvo zvinotaura Jehovha,
apo vanhu vasingazopadaidzi kuti Tofeti kana Mupata waBheni Hinomi,
asi Mupata woKuurayiwa kwaVanhu, nokuti vachaviga vakafa muTofeti
kusvikira pasisina nzvimbo. 33 Ipapo mitumbi yavanhu ava ichava
zvokudya zveshiri dzedenga nemhuka dzenyika, uye hapazovi nomunhu
angazvivhundutsira kuti zvibve. 34 Ndichaita kuti inzwi rokupembera
nomufaro uye namanzwi omwenga nechikomba mumaguta eJudha nomumigwagwa yeJerusarema zvigume nokuti nyika ichava dongo.

# 8

1 " 'Panguva iyoyo, ndizvo zvinotaura Jehovha, mapfupa amadzimambo
namachinda eJudha, namapfupa avaprista navaprofita, uye mapfupa
avanhu veJerusarema, achabviswa kubva mumakuva avo. 2 Achava
pamhene agorohwa nezuva uye achavhenekwa nomwedzi nenyeredzi
dzose dzedenga, zvavakada vakazvishumira vakazvitevera uye vakabvunza kwazviri, vakazvinamata. Haangaunganidzwi kana kuvigwa, asi
achafanana nomupfudze uri panyika. 3 Kwose zvako kwandichavadzingira, vakasara vose vorudzi urwu rwakaipa, vachademba rufu pachinzvimbo choupenyu, ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.'

*Chivi noKurangwa*

4 "Uti kwavari, 'Zvanzi naJehovha:
" 'Vanhu pavanowira pasi, havamukizve here?
Munhu akange ambotsauka, haadzokizve here?
5 Zvino nemhaka yei ava vadzokera shure?
Nemhaka yei Jerusarema richingogara richitsauka?
Vanobatirira pakunyengera,
vanoramba kudzoka.
6 Ndakanyatsoteereresa,
asi ivo havambotauri zvakarurama.
Hakuna anotendeuka pane zvakaipa zvake achiti,
"Ndaiteiko?"
Mumwe nomumwe anongotevedza nzira yake
sebhiza rinomhanyira kurwa hondo.
7 Kunyange shohori riri mudenga
rinoziva nguva dzaro dzakatarwa,
uye njiva, nenyenganyenga nekondo
zvinocherechedza nguva yazvo yokutama.
Asi vanhu vangu havazivi
zvinodikanwa naJehovha.

8 " 'Munoreva seiko muchiti, "Takachenjera,
nokuti tino murayiro waJehovha,"
asi zvirokwazvo chinyoreso chenhema chavanyori
chakanyora nhema?
9 Vakachenjera vachanyadziswa,
vachavhunduka uye vachabatwa.
Sezvo vakaramba shoko raJehovha,
kuchenjera kwavanako kwakadiniko?
10 Naizvozvo ndichapa vakadzi vavo kuna vamwe varume,
neminda yavo kuvaridzi vatsva.

Kubva kumuduku kusvikira kumukuru vose
vanokarira pfuma;
vaprofita navaprista saizvozvo,
vose vanoita nokunyengera.
11 Vanosunga vanga ravanhu vangu
sokunge duku duku.
Vanoti, "Rugare, rugare,"
ipo pasina rugare.
12 Ko, vanonyadziswa netsika dzavo dzinonyangadza here?
Kwete, havana kana nyadzi zvachose;
havambozivi kuti zvinonyadzisa sei.
Saka vachawa pakati pavakawa;
vachaderedzwa pavacharangwa,
ndizvo zvinotaura Jehovha.

13 " 'Ndichavatorera zvavakakohwa,
ndizvo zvinotaura Jehovha.
Hapangazovi namazambiringa pamuzambiringa.
Hakungazovi namaonde pamuti womuonde,
uye mashizha azvo achaoma.
Zvandakavapa
vachazvitorerwa.' "

14 "Ko, takagarireiko pano?
Unganai pamwe chete!
Ngatitizirei kumaguta akakomberedzwa
tindofira ikoko!
Nokuti Jehovha Mwari wedu atitongera kufa,
nokuti akatipa mvura ino muchetura kuti tinwe,
nokuti takamutadzira.
15 Takanga takatarisira rugare
asi hakuna chakanaka chakauya;
takatarisira kuporeswa
asi paingova nokuvhundutswa.
16 Kufemedzeka kwamabhiza omuvengi
kunonzwika kuchibva kuDhani;
panorira makono awo
nyika yose inodedera.
Auya kuzoparadza
nyika nezvose zviri mairi,
guta navose vanogara imomo."

17 "Tarirai ndichatumira nyoka dzino uturu pakati penyu,
mvumbi dzicharamba kuimbirwa,
uye dzichakurumai,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

18 Haiwa, Munyaradzi wangu, pakuchema kwangu,
mwoyo wangu woziya mukati mangu.
19 Inzwai kuchema kwavanhu vangu
kunobva kunyika iri kure kure:
"Ko, Jehovha haazi muZioni here?
Mambo waro haachimo here?"

“Vakanditsamwisireiko nezvifananidzo zvavo,
nezvifananidzo zvavo zvavatorwa zvisingabatsiri?”

20 “Kucheka kwapfuura,
zhizha rapera,
asi tigere kuponeswa.”

21 Sezvo vanhu vangu vapwanyiwa, neniwo ndapwanyiwa;
ndiri kuchema, uye ndiri kutya zvikuru.
22 Ko, muGireadhi hamuna muti webharisamu here?
Hakuna murapi ikoko here?
Seiko zvino ronda
ravanhu vangu risina kurapwa?

# 9

1 Haiwa, dai musoro wangu waiva chitubu chemvura
uye meso angu riri tsime remisodzi!
Ndingadai ndaichema masikati nousiku
nokuda kwavakaurayiwa vavanhu vangu.
2 Haiwa, dai ndaiva nenzvimbo
mugwenga yokugara yavafambi,
kuitira kuti ndisiye vanhu vangu
ndiende kure navo;
nokuti vose imhombwe,
ungano yavanhu vasina kutendeka.
3 “Vanokunga rurimi rwavo souta,
kuti vapfure nhema;
havaiti nechokwadi
pakukunda kwavanoita munyika.
Vanobva pane chimwe chivi vachienda pane chimwe;
havandizivi ini,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
4 “Chenjererai shamwari dzenyu;
musavimba nehama dzenyu.
Nokuti hama ipi neipi inonyengera,
uye shamwari ipi neipi inoita makuhwa.
5 Shamwari inonyengera shamwari,
uye hakuna anotaura chokwadi.
Vakadzidzisa ndimi dzavo kureva nhema;
vanozvinetsa nokuita zvakaipa.
6 Munogara pakati pounyengeri;
mukunyengera kwavo vanoramba kundiziva ini,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
7 Naizvozvo zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
“Tarirai, ndichavanatsa
uye ndichavaedza, ndechipi chimwe chandingaita
nokuda kwechivi chavanhu vangu?
8 Rurimi rwavo museve unouraya;
runotaura nokunyengera.
Nomuromo wake mumwe nomumwe anotaura zvakanaka kune wokwake,
asi mumwoyo make anomuteyera musungo.
9 Ko, handigavarangi nokuda kwechinhu ichi here?”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

"Ko, handingazvitsiviri
pamusoro porudzi rwakadai here?"

10 Ndichachema uye ndichaungudza nokuda kwamakomo,
uye ndichachema pamusoro pamafuro egwenga.
Aparara uye hakuna anofambako,
uye kukuma kwemombe hakunzwiki.
Shiri dzedenga dzatiza,
uye mhuka dzaenda.

11 "Ndichaita Jerusarema murwi wedongo,
panogara makava;
uye ndichaparadza maguta eJudha,
kuti kurege kuva nomunhu anogarako."
12 Ndoupiko munhu akachenjera zvokuti anganzwisisa izvi? Ndianiko
akarayirwa naJehovha uye angatsanangura izvi? Nemhaka yeiko nyika
yanyangadzwa yava dongo ikafanana negwenga risina angapfuura nomo?
13 Jehovha akati, "Nemhaka yokuti vakasiya murayiro wangu, wan-
dakaisa pamberi pavo, havana kunditeerera kana kutevera murayiro
wangu. 14 Asi, vakatevera kusindimara kwemwoyo yavo; vakatevera
vanaBhaari, sezvavakadzidziswa namadzibaba avo." 15 Naizvozvo zvanzi
naJehovha Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri, "Tarirai ndichaita kuti
vanhu ava vadye zvinovava uye kuti vanwe mvura ino muchetura.
16 Ndichavaparadzira pakati pendudzi dzavasina kumboziva uye dzisina
kumbozivikanwa namadzibaba avo, uye ndichavatevera nomunondo
kusvikira ndavaparadza."
17 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Rangarirai zvino! Danai vakadzi vanochema vauye;
danai vanogonesesa pakati pavo.
18 Ngavakurumidze kuuya
vagochema pamusoro pedu
kusvikira maziso edu ayerera misodzi,
nzizi dzoyerera mumaziso edu.
19 Maungira okuchema anonzwika kubva kuZioni achiti:
'Haiwa taparadzwa sei!
Haiwa kunyadziswa kwedu kukuru sei!
Tinofanira kusiya nyika yedu
nokuti dzimba dzedu dzava matongo.' "

20 Zvino, imi vakadzi, inzwai shoko raJehovha;
dziurai nzeve dzenyu dzinzwe mashoko omuromo wake.
Dzidzisai vanasikana venyu kuungudza;
dzidzisanai kuchema.
21 Rufu rwakapinda napamawindo edu
uye rwapinda munhare dzedu;
rwauraya vana mumigwagwa
namajaya ari munzira dzeguta.
22 Uti, "Zvanzi naJehovha:
" 'Zvitunha zvavanhu zvichavata
somupfudze uri pamusoro pomunda,
sezviyo zvakachekwa shure kwavacheki,
zvisina achazviunganidza.' "

23 Zvanzi naJehovha:
"Akachenjera ngaarege kuzvirumbidza pamusoro penjere dzake,
kana munhu ane simba pamusoro pesimba rake,
kana akapfuma pamusoro pepfuma yake,
24 Asi anozvirumbidza ngaazvirumbidze pamusoro pezvizvi:
kuti anondinzwisisa uye kuti anondiziva ini,
kuti ndini Jehovha, anoita unyoro,
nokukururamisira, nokururama panyika,
nokuti ndinofarira izvozvi,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
25 "Mazuva anouya," ndizvo zvinotaura Jehovha, "andicharanga vose
vakadzingiswa panyama chete, 26 Ijipiti, Judha, Edhomu, Amoni, Moabhu
navose vanogara mugwenga kunzvimbo dziri kure. Nokuti ndudzi dzose
idzi hadzina kumbodzingiswa, uye kunyange imba yose yaIsraeri haina
kudzingiswa, mumwoyo."

# 10

*Mwari neZvifananidzo*

1 Inzwai zvinoreva Jehovha kwamuri, imi imba yaIsraeri. 2 Zvanzi
naJehovha:
"Regai kudzidza tsika dzendudzi
kana kuvhundutswa nezviratidzo zviri kudenga
kunyange hazvo ndudzi dzichivhundutswa nazvo.
3 Nokuti tsika dzavanhu hadzina maturo;
vanotema muti musango,
muvezi ouveza nembezo.
4 Vanoushongedza nesirivha negoridhe;
vanourovera nenyundo nezvipikiri
kuti urege kuzungunuka.
5 Sedukununu kumucheto womunda wamavise,
zvifananidzo zvavo hazvigoni kutaura;
zvinofanira kutotakurwa nokuti hazvigoni kufamba.
Musazvitya; hazvigoni kukukuvadzai,
uye hazvina nebasa rose."

6 Hakuna akafanana nemi, imi Jehovha;
muri mukuru,
uye zita renyu iguru pasimba.
7 Ndianiko angarega kukutyai,
imi Mambo wendudzi?
Izvi ndizvo zvakakufanirai.
Pakati pavakachenjera vose vendudzi nomuushe hwavo hwose,
hakuna akafanana nemi.
8 Vose havana njere uye mapenzi;
vanodzidziswa nezvifananidzo zvamatanda zvisingabatsiri.
9 Sirivha yakapfurwa inotorwa kubva kuTashishi
negoridhe richibva kuUfazi.
Zvakaitwa nemhizha uye nomupfuri wegoridhe,
zvopfekedzwa zvino nguo dzomucheka webhuruu nowepepuru,
zvose zvinoitwa navabati vano umhizha.
10 Asi Jehovha ndiye Mwari wechokwadi; ndiye Mwari mupenyu,
mambo wokusingaperi.

Kana iye atsamwa, nyika inodedera;
ndudzi hadzigoni kumira pamberi pehasha dzake.
11 "Muvaudze kuti, 'Vamwari ava, vasina kuita matenga nenyika,
vachaparara panyika nepasi pamatenga.' "
12 Asi Mwari akaita nyika nesimba rake,
akateya nyika nouchenjeri hwake,
uye akatambanudza matenga nokunzwisisa kwake.
13 Paanotinhira, mvura zhinji iri mumatenga inoita mubvumo;
anoita kuti makore asimuke kubva kumigumo yenyika.
Anotuma mheni pamwe nemvura,
uye anouyisa mhepo kubva mumatura ake.

14 Mumwe nomumwe haafungi uye haana zivo;
mupfuri mumwe nomumwe wegoridhe anonyadziswa nezvifananidzo zvake.
Zvifananidzo zvake ndezvenhema;
hazvina mweya mazviri.
15 Hazvina maturo, zvinhu zvokutuka;
kutongwa kwazvo pakunosvika, zvose zvichaparara.
16 Iye anenge ari mugove waJakobho haana kufanana nazvo,
nokuti ndiye Muiti wezvinhu zvose,
kusanganisa naIsraeri, rudzi rwenhaka yake,
Jehovha Wamasimba Ose ndiro zita rake.

*Kuparadzwa Kuri Kuuya*

17 Unganidzai nhumbi dzenyu mubve munyika,
imi makakombwa.
18 Nokuti zvanzi naJehovha:
"Panguva ino ndichapotsera kure
avo vanogara munyika ino;
Ndichauyisa nhamo
pamusoro pavo kuti vagotapwa."

19 Ndine nhamo nokuda kwokukuvara kwangu!
Ronda rangu harirapiki! Asi ndakati,
"Uku kurwara ndokwangu,
uye ndinofanira kukutakura."
20 Tende rangu raparadzwa;
mabote aro ose adamburwa.
Vanakomana vangu vabva kwandiri uye havachipozve;
hakuna asara zvino kuti amise tende rangu
kana kumisa dumba rangu.
21 Vafudzi havana njere,
uye havabvunzi Jehovha;
saka havabudiriri
uye makwai avo ose apararira.
22 Inzwai! Chiziviso chiri kuuya,
bope guru richabva kunyika yokumusoro!
Richaita kuti maguta eJudha aparare,
agarwe namakava.

*Munyengetero waJeremia*

23 Haiwa Jehovha, ndinoziva kuti upenyu hwomunhu hahusi hwake;

hazvizi kumunhu kuti aruramise nzira dzake.
24 Ndirangei, Jehovha, asi chete nokururamisira,
kwete mukutsamwa kwenyu,
kuti murege kundiparadza zvachose.
25 Dururirai kutsamwa kwenyu pamusoro pendudzi
dzisingakurangaririei,
pamusoro pavanhu vasingadani kuzita renyu.
Nokuti vakadya Jakobho;
vakamudya zvachose,
uye vakaparadza nyika yake.

# 11

*Sungano Yaputswa*

1 Iri ndiro shoko rakauya kuna Jeremia richibva kuna Jehovha: 2 "Inzwai
mashoko esungano iyi mugoazivisa kuvanhu veJudha nokuna vanogara
muJerusarema. 3 Muvaudze kuti zvanzi naJehovha Mwari waIsraeri,
'Akatukwa munhu asingateereri mashoko esungano iyi, 4 mashoko an-
dakarayira madzitateguru enyu pandakavabudisa muIjipiti kubva mu-
choto chamatare.' Ndakati, 'Nditeererei mugoita zvose zvandinokurayirai,
mugova vanhu vangu, ini ndigova Mwari wenyu. 5 Ipapo ndichazadzisa
mhiko yandakapika kumadzitateguru enyu, kuti ndichavapa nyika inoy-
erera mukaka nouchi,' nyika yava yenyu nhasi."
Ndakapindura ndichiti, "Ameni, Jehovha."
6 Jehovha akati kwandiri, "Paridza mashoko aya ose mumaguta eJudha
nomumigwagwa yeJerusarema uchiti, 'Inzwai mashoko esungano iyi
muatevere. 7 Kubva panguva yandakabudisa madzitateguru enyu kubva
muIjipiti kusvikira nhasi, ndakavayambira ndavayambirazve ndichiti,
"Nditeererei." 8 Asi havana kuteerera kana kuva nehanya; asi vakatevera
kusindimara kwemwoyo yavo yakaipa. Saka ndakauyisa pamusoro pavo
kutuka kwose kwesungano yandakanga ndavarayira kuti vatevere asi
havana kuichengeta.' "
9 Ipapo Jehovha akati kwandiri, "Pane rangano pakati pavanhu veJudha
navanogona kundimukira navanogara muJerusarema. 10 Vadzokera
pazvakaipa zvamadzitateguru avo, avo vakaramba kuteerera mashoko
angu. Vakatevera vamwe vamwari kuti vavashumire. Dzimba mbiri idzi,
yaIsraeri neyaJudha dzakaputsa sungano yandakaita namadzitateguru
avo. 11 Naizvozvo zvanzi naJehovha, 'Ndichauyisa njodzi pamusoro
pavo yavasingagoni kupunyuka. Kunyange vakachema kwandiri hand-
ingavateereri. 12 Maguta eJudha navanhu veJerusarema vachaenda
kundodana kuna vamwari vavaipisira zvinonhuhwira, asi havazovabat-
siri zvachose pavanosvikirwa nenjodzi. 13 Una vamwari vakawanda
sokuwanda kwakaita maguta ako, iwe Judha; uye aritari dzamakamisa
kuti mupisire zvinonhuhwira kuna mwari anonyadzisa, iye Bhaari,
dzakawanda sokuwanda kwakaita migwagwa yeJerusarema.'
14 "Usanyengeterera vanhu kana kupa chikumbiro chipi zvacho kana
kuvakumbirira, nokuti handizoteereri pavanodana kwandiri panguva
yokutambudzika kwavo.
15 "Ko, mudiwa wangu ari kuitei mutemberi yangu,
zvaari kuita mabasa ake akaipa navazhinji?
Ko, nyama yakatsaurwa ingadzivisa kurohwa kwako here?
Pamunoita zvakaipa zvenyu,
ipapo imi mofara."

16 Jehovha akati ndiwe muti womuorivhi une upenyu,
une michero yakanaka yakaurungana.
Asi nokutinhira kwemhepo ine simba
achautungidza nomoto,
uye matavi awo achavhunika.
17 Jehovha Wamasimba Ose, iye akakusima, atema chirevo chezvakaipa
kwauri, nokuti imba yaIsraeri neimba yaJudha vakaita zvakaipa, vakan-
ditsamwisa nokupisira Bhaari zvinonhuhwira.

*Rangano pamusoro paJeremia*

18 Nokuti Jehovha akandionesa rangano yavo, ndikaiziva, nokuti pan-
guva iyoyo akandiratidza zvavakanga vachiita. 19 Ndakanga ndakaita seg-
wayana rakapfava riri kuendeswa kundobayiwa; ndakanga ndisingazivi
kuti vakanga vandirangana, vachiti,
"Ngatiparadzei muti nemichero yawo;
ngatimubvisei panyika yavapenyu,
kuti zita rake rirege kuzorangarirwazve."
20 Asi imi Jehovha Wamasimba Ose, iyemi munotonga nokururama,
uye munoedza mwoyo nendangariro,
ngandione kutsiva kwenyu pamusoro pavo,
nokuti ndakaisa mhaka yangu kwamuri.
21 "Naizvozvo zvanzi naJehovha pamusoro pavarume veAnatoti vari
kutsvaka kukuuraya, vachiti, 'Regai kuprofita nezita raJehovha nokuti
ungafa namaoko edu,' 22 naizvozvo zvanzi naJehovha Wamasimba Ose,
'Ndichavaranga. Majaya avo achafa nomunondo, vanakomana na-
vanasikana vavo vachafa nenzara. 23 Hakuna kunyange mumwe achasara
kwavari, nokuti ndichauyisa njodzi pamusoro pavarume veAnatoti mu-
gore rokurangwa kwavo.' "

# 12

*Kugunun'una kwaJeremia*

1 Imi munogara makarurama, iyemi Jehovha,
pandinouya pamberi penyu nemhaka.
Kunyange zvakadaro ndichataura nemi pamusoro pokururamisira
kwenyu, ndichiti:
Nemhaka yeiko nzira yavakaipa ichibudirira?
Nemhaka yei vasingatendi vachirarama zvakanaka?
2 Makavasima, uye vava nemidzi;
vanokura uye vanobereka muchero.
Imi munogara muri pamiromo yavo
asi muri kure nemwoyo yavo.
3 Asi munondiziva, imi Jehovha;
munondiona uye munoedza ndangariro dzangu pamusoro penyu.
Vakwekweredzei samakwai anondobayiwa!
Muvagadzirire zuva rokubayiwa.
4 Nyika ichasvika riniko yakangooma,
nebundo resango rakangosvava?
Nokuti vose vanogaramo vakaipa,
mhuka neshiri zvaparara.
Pamusoro paizvozvo, vanhu vanoti,
"Haasi kuzoona zvinoitika kwatiri."

*Mhinduro yaMwari*

5 “Kana wakaita nhangemutange navanhu netsoka,
uye vakakunetesa
ungagokwikwidzana sei namabhiza?
Kana uchigumburwa panyika yakanaka,
ungagara seiko mumatenhere eJorodhani?
6 Hama dzako, mhuri yako chaiyo,
kunyange naivowo vakakumukira;
vakadanidzira zvikuru kwazvo pamusoro pako.
Usavimba navo,
kunyange vachitaura zvakanaka pamusoro pako.

7 “Ndichasiya imba yangu,
ndigorasa nhaka yangu;
ndichapa mudikani wangu
mumaoko avavengi vake.
8 Nhaka yangu yava kwandiri
seshumba iri musango.
Anoomba pamberi pangu;
naizvozvo ndinomuvenga.
9 Ko, nhaka yangu haizova kwandiri segondo rina mavara here,
iro rinokombwa
uye rinorwiswa namamwe makondo?
Endai munounganidza zvikara zvose;
muuye nazvo zvidye.
10 Vafudzi vazhinji vachaparadza munda
wangu womuzambiringa,
uye vachatsindira munda wangu;
vachashandura munda wangu unofadza kuti uve dongo risina chinhu.
11 Uchaitwa dongo rakaoma
uye rakaparadzwa pamberi pangu;
nyika yose ichava dongo
nokuti hakuna ane hanya.
12 Pamusoro pezvikomo zvisina miti zviri mugwenga,
vaparadzi vachamomotera,
nokuti munondo waJehovha uchaparadza,
kubva kuno rumwe rutivi rwenyika kusvikira kuno rumwe,
hakuna achava norugare.
13 Vachadyara gorosi asi vachakohwa minzwa;
vachazvinetesa asi hakuna chavachawana.
Saka zvitakuririrei kunyadziswa kwegohwo renyu,
nokuda kwokutsamwa kunotyisa kwaJehovha.”

14 Zvanzi naJehovha: “Kana vari vakaipa vakavakidzana nemi
vanopamba nhaka yandakapa vanhu vangu vaIsraeri ndichavadzura
munyika dzavo uye ndichadzura imba yaJudha kubva pakati pavo.
15 Asi mushure mokuvadzura, ndichavanzwirazve tsitsi uye ndichadzosa
mumwe nomumwe wavo kunhaka yake nokunyika yake. 16 Zvino kana
vadzidza zvakanaka nzira dzavanhu vangu uye vakapika nezita rangu,
vachiti, ‘Zvirokwazvo naJehovha mupenyu,’ kunyange havo vakam-
bodzidzisa vanhu vangu kupika naBhaari, ipapo vachasimbiswa pakati
pavanhu vangu. 17 Asi kana pano rudzi rusingateereri, ndicharudzura
zvachose ndigoruparadza,” ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 13

*Bhanhire roMucheka*

[1] Zvakanzi naJehovha kwandiri: "Enda unotenga bhanhire romucheka
urisunge muchiuno chako, asi usarege richipinda mvura," [2] Saka
ndakatenga bhanhire, sezvandakarayirwa naJehovha, ndokurisunga muchiuno changu.

[3] Ipapo shoko raJehovha rakauya kwandiri kechipiri richiti, [4] "Tora
bhanhire rawakatenga, rawakasunga muchiuno chako uende iye zvino
kuPerati undoriviga ikoko mumukaha wamatombo." [5] Saka ndakaenda
ndikandoriviga paPerati sezvandakaudzwa naJehovha.

[6] Mazuva mazhinji akati apfuura Jehovha akati kwandiri, "Chienda
zvino kuPerati undotora bhanhire randakati uvigeko." [7] Naizvozvo
ndakaenda kuPerati ndokufukunura bhanhire ndokuritora, uye risingachabatsiri zvachose.

[8] Ipapo shoko raJehovha rakauya kwandiri, richiti, [9] "Zvanzi naJehovha:
'Nenzira imwe cheteyo ndichaodza kuzvikudza kweJudha nokuzvikudza
kukuru kweJerusarema. [10] Vanhu ava vakaipa, vanoramba kunzwa
mashoko angu, vanotevera kusindimara kwemwoyo yavo uye vanoenda
kuna vamwe vamwari kuti vavashumire uye vavanamate, vachafanana
nebhanhire iri, risingabatsiri chose! [11] Nokuti sebhanhire rinosungwa
muchiuno saizvozvo ndakasungira imba yose yaIsraeri neimba yose
yaJudha kwandiri,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'kuti vave vanhu vemukurumbira wangu, kurumbidzwa kwangu nokukudzwa kwangu. Asi havana kuteerera.'

*Hombodo dzeWaini Dzamatehwe*

[12] "Uti kwavari, 'Zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri: Hombodo imwe
neimwe yedehwe yewaini inofanira kuzadzwa newaini.' Zvino kana
vakati kwauri, 'Ko, isu hatizivi here kuti hombodo imwe neimwe yedehwe
yewaini inofanira kuzadzwa newaini?' [13] ipapo uvaudze kuti, 'Zvanzi
naJehovha: Ndichadhakisa vose vanogara munyika ino, pamwe chete
namadzimambo anogara pachigaro choushe chaDhavhidhi, navaprista
navaprofita navose vanogara muJerusarema. [14] Ndichavabonderedza
mumwe kuno mumwe, madzibaba navanakomana saizvozvo, ndizvo
zvinotaura Jehovha. Handingabvumiri tsitsi kana ngoni dzangu kuti zvindidzivise kuvaparadza.' "

*Dambudziko roKuendeswa kuUtapwa*

[15] Inzwai, rerekai nenzeve dzenyu kwandiri,
musazvikudza,
nokuti Jehovha ataura.
[16] Rumbidzai Jehovha Mwari
wenyu asati auyisa rima,
makumbo enyu asati agumburwa
pamakomo erima.
Munotarisira chiedza,
asi iye achachishandura kuti chive mumvuri worufu,
uye achachiita rima guru.
[17] Asi kana musingateereri,
ndichachema pakavanda
nokuda kwokuzvikudza kwenyu;
Meso angu achachema zvikuru,
achiyerera misodzi,

nokuti boka ramakwai aJehovha richaendeswa kuutapwa.
18 Uti kuna mambo nokuna mai vamambo,
“Burukai pazvigaro zvenyu zvoushe,
nokuti korona dzenyu dzokukudzwa
dzichawira pasi kubva pamisoro yenyu.”
19 Maguta okuNegevhi achazarirwa,
uye hakuna munhu achaazarura.
VaJudha vose vachaendeswa kuutapwa,
vachaendeswa kure zvachose.

20 Simudza meso ako uone
avo vanobva nechokumusoro.
Ko, boka ramakwai rawakapiwa kuti urichengete riripi,
iwo makwai awaizvirumbidza nawo?
21 Uchati kudiniko kana Jehovha achiisa pamusoro pako
avo vawakadzidzisa seshamwari dzako dzakasarudzika?
Haungarwadziwi zvikuru here,
somukadzi osununguka mwana?
22 Zvino kana ukazvibvunza pachako, uchiti:
“Sei izvi zvaitika kwandiri?”
zvaitika nokuda kwezvivi zvako zvizhinji,
kuti nguo dzako dzabvarurwa,
uye muviri wako ukasabatwa zvakanaka.
23 Ko, muEtiopia angashandura ganda rake here,
kana ingwe mavara ayo?
Saizvozvowo imi hamungagoni kuita zvakanaka,
imi makarovedzera kuita zvakaipa.

24 “Ndichakuparadzirai sehundi inopepereswa
nemhepo yomugwenga.
25 Uyu ndiwo mugove wako,
ndicho chikamu chandakakutemera,”
ndizvo zvinotaura Jehovha,
“nokuti wakandikanganwa
ukavimba navamwari venhema.
26 Ndichafukura nguo dzako pamberi pako,
kuti kunyadziswa kwako kuonekwe,
27 upombwe hwako nokufemhedza kworuchiva rwako,
iko kufeva kwako kusina nyadzi!
Ndakaona mabasa ako anonyangadza
awaiita pamusoro pezvikomo nomumunda.
Une nhamo, iwe Jerusarema!
Ucharamba usina kuchena kusvikira rinhiko?”

# 14

*Kusanaya kweMvura, Nzara, Munondo*

1 Iri ndiro shoko raJehovha kuna Jeremia pamusoro pokusanaya kwemvura:
2 “Judha anochema,
maguta ake apera simba;
vanoungudza nokuda kwenyika,
uye kuchema kwokwira kuchibva kuJerusarema.
3 Vanokudzwa vanotuma varanda vavo kundochera mvura;

vanoenda kumatsime,
asi vanoshayiwa mvura.
Vanodzoka nezvirongo zvavo zvisina mvura;
vaora mwoyo uye vasisina tariro,
vanofukidza misoro yavo.
4 Nyika yaparuka
nokuti munyika hamuchina mvura;
varimi vaora mwoyo
uye vanofukidza misoro yavo.
5 Kunyange nehadzi yenondo iri musango
inosiya mhuru yayo ichangoberekwa
nokuti hakuchina bundo.
6 Mbizi dzinomira pazvikomo zvisina miti,
uye dzinofemedzeka semakava;
meso adzo haachaona zvakanaka
nokuda kwokushaya mafuro."

7 Kunyange zvivi zvedu zvichipupura zvakaipa,
imi Jehovha, onai zvamungaita nokuda kwezita renyu.
Nokuti kudzokera kwedu shure kukuru;
takakutadzirai.
8 Imi Tariro yaIsraeri,
Muponesi wavo panguva yokutambudzika,
maitireiko somutorwa munyika,
somufambi anongovata usiku humwe chete?
9 Maitireiko somunhu ashamisika
somurwi ashaya simba rokuponesa?
Muri pakati pedu, imi Jehovha,
uye takatumidzwa zita renyu;
regai kutisiya!
10 Zvanzi naJehovha pamusoro pavanhu ava,
"Vanofarira kungofamba-famba;
havadzori tsoka dzavo.
Saka Jehovha haavagamuchiri;
zvino acharangarira zvakaipa zvavo
uye achavaranga nokuda kwezvivi zvavo."
11 Ipapo Jehovha akati kwandiri, "Rega kunyengeterera kugara
zvakanaka kwavanhu ava. 12 Kunyange vakatsanya, handinganzwi
kuchema kwavo; kunyange vakapa zvipiriso zvinopiswa nezvipiriso
zvezviyo, handingazvigamuchiri. Asi ndichavaparadza nomunondo,
nenzara uye nedenda."
13 Asi ndakati, "Haiwa Ishe Jehovha, vaprofita vanogara vachivataurira
kuti, 'Hamungaoni munondo kana kufa nenzara. Zvirokwazvo ndichaku-
pai rugare rusingaperi panzvimbo ino.' "
14 Ipapo Jehovha akati kwandiri, "Vaprofita vanoprofita nhema muzita
rangu. Ini handina kuvatuma kana kuvagadza kana kutaura kwavari.
Vanokuprofitirai zviratidzo zvenhema, nezvakavukwa, nezvifananidzo
nokurasika kwendangariro dzavo. 15 Naizvozvo zvanzi naJehovha pa-
musoro pavaprofita vanoprofita muzita rangu: Handina kuvatuma, asi
ivo vanoti, 'Hakungavi nomunondo kana nzara ichawira nyika ino.'
Vaprofita vacho ivavo, vachaparara nomunondo nenzara. 16 Uye vanhu
vavaiprofitira vacharasirwa munzira dzeJerusarema nokuda kwenzara

nomunondo. Hakuna munhu achavaviga ivo, kana vakadzi vavo, kana vanakomana vavo, kana vanasikana vavo. Ndichadururira pamusoro pavo njodzi yakafanira.

17 "Taura shoko iri kwavari, uti,
" 'Meso angu ngaayerere misodzi
usiku namasikati asingaregi;
nokuti mhandara mwanasikana wangu, vanhu vangu,
vakuvadzwa vanga rakaipa, iko kurohwa kukuru.
18 Kana ndikaenda mukati menyika,
ndinoona vaya vakaurayiwa nomunondo;
kana ndikaenda muguta,
ndinoona vakaparadzwa nenzara.
Vose, muprofita nomuprista
vakaenda kunyika yavasingazivi.' "

19 Ko, maramba Judha zvachose here?
Munozvidza Zioni here?
Sei makatirwadzisa
zvokuti tirege kuporeswa?
Takatarisira rugare
asi hakuna chakanaka chakauya,
takatarisira nguva yokuporeswa
asi panongova nokuvhundutswa bedzi.
20 Haiwa Jehovha, tinobvuma zvakaipa zvedu,
uye nemhosva yamadzibaba edu;
zvirokwazvo takakutadzirai.
21 Nokuda kwezita renyu, musatizvidza;
regai kushora chigaro chenyu chinobwinya.
Rangarirai henyu sungano yenyu nesu
mugorega kuiputsa.
22 Ko, pazvifananidzo zvisina maturo zvendudzi, chiripo chinganayisa mvura here?
Ko, matenga, anonayisa mvura oga here?
Kwete, ndimi, iyemi Jehovha Mwari wedu.
Naizvozvo tariro yedu iri mamuri,
nokuti ndimi moga munoita izvi zvose.

# 15

1 Ipapo Jehovha akati kwandiri, "Kunyange dai Mozisi naSamueri
vaimira pamberi pangu, mwoyo wangu hawaiva nehanya navanhu ava.
Vadzingei pamberi pangu! Regai vaende! 2 Zvino kana vakakubvunza
vachiti, 'Tichaendepiko?' Uvaudze kuti, 'Zvanzi naJehovha:
" 'Vakafanirwa norufu ngavaende kurufu,
vakafanirwa nomunondo, kumunondo;
vakafanirwa nenzara, kunzara;
vakafanirwa noutapwa, kuutapwa.'
3 "Ndichatumira mhando ina dzavaparadzi pamusoro pavo," ndizvo
zvinotaura Jehovha, "munondo kuti uuraye uye imbwa kuti dzik-
wekweredzere kure, neshiri dzedenga nemhuka dzenyika kuti dzidye
uye dziparadze. 4 Ndichaita kuti vavengwe noushe hwose hwenyika
nokuda kwezvakaitwa muJerusarema naManase, mwanakomana wa-
Hezekia mambo weJudha.
5 "Ndianiko achakunzwira tsitsi, iwe Jerusarema?

Ndianiko achakuchemera?
Ndianiko achamira achikubvunza mufaro?
6 Wakandiramba," ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Unoramba uchidzokera shure.
Saka ndichakubata noruoko rwangu ndigokuparadza;
handichagoni kuramba ndichikunzwira tsitsi.
7 Ndichavarudza neforogo yokurudzisa,
pamasuo eguta renyika.
Ndichauyisa kufirwa nokuparadzwa pamusoro pavanhu vangu,
nokuti havana kushandura nzira dzavo.
8 Ndichawanza chirikadzi dzavo
kupfuura jecha regungwa.
Panguva yamasikati ndichauyisa muparadzi,
pamusoro pavanamai vamajaya avo;
pakarepo, ndichaburutsa pamusoro pavo
kurwadziwa nokutya.
9 Mai vakabereka vana vanomwe vachaziya vagofa.
Zuva rake richavira achiri masikati;
achanyadziswa uye achaninipiswa.
Vachapunyuka ndichavaisa kumunondo
pamberi pavavengi vavo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

10 Yowe-e, mai vangu, zvamakandibereka
kuti ndive murume anorwiswa uye anomisidzanwa naye nenyika yose!
Handina kumbopa munhu chikwereti, kana kutora chikwereti,
asi zvakadaro vanhu vose vanondituka.
11 Jehovha akati,
"Zvirokwazvo ndichakurwira nokuda kwechikonzero chakanaka;
zvirokwazvo ndichaita kuti vavengi vako vakunyengetedze
panguva yenjodzi nepanguva yokutambudzika.

12 "Ko, munhu angavhuna simbi here,
simbi inobva nechokumusoro, kana ndarira?
13 Pfuma yako namatura ako
ndichazvipa sezvakapambwa, pasina muripo,
nokuda kwezvivi zvako zvose munyika yako yose.
14 Ndichakuita muranda wavavengi vako
kunyika yausingazivi,
nokuti kutsamwa kwangu kuchabatidza moto
uchapfuta kuti ukupise."
15 Haiwa Jehovha, imi munonzwisisa;
ndirangarirei mugondichengeta.
Munditsivire kuvatambudzi vangu.
Imi mune mwoyo murefu, musandibvisa;
fungai kuti ndakanyadziswa sei nokuda kwenyu.
16 Mashoko enyu paakasvika ndakaadya;
akanga ari mufaro wangu nokufadzwa kwomwoyo wangu,
nokuti ndakatumidzwa zita renyu,
imi Jehovha Mwari Wamasimba Ose.
17 Handina kumbogara pakati peungano yavanozvifadza,
handina kumbofara navo;

ndakagara ndoga nokuti ruoko rwenyu rwaiva pamusoro pangu,
uye makanga mandizadza nokutsamwa.
18 Seiko kurwadziwa kwangu kusingaperi,
uye ronda rangu richirwadza uye risingarapiki?
Muchava kwandiri sorukova runonyengera,
sechitubu chinopwa?
19 Naizvozvo zvanzi naJehovha:
"Kana ukatendeuka, ndichakudzosazve
kuti ugondishumira;
kana ukataura zvakafanira, kwete mashoko asakafanira,
uchava munhu anotaura akandimirira.
Vanhu ava ngavadzokere kwauri,
asi iwe usaenda kwavari.
20 Ndichakuita rusvingo kuvanhu ava,
nhare yorusvingo rwendarira;
vacharwa newe,
asi havangakukundi,
nokuti ini ndinewe,
kuti ndikurwire ndigokuponesa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
21 "Ndichakuponesa kubva mumaoko avakaipa
uye ndichakudzikinura pamaoko avano utsinye."

# 16

*Zuva reNjodzi*

1 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Haufaniri kuwana
mukadzi kana kuva navanakomana kana vanasikana panzvimbo ino."
3 Nokuti zvanzi naJehovha, pamusoro pavanakomana navanasikana
vanoberekwa munyika ino napamusoro pavakadzi vanova vanamai vavo
navarume vanova madzibaba avo: 4 "Vachafa nehosha dzakaipisisa.
Havangazochemwi kana kuvigwa asi vachafanana nomupfudze uri pa-
musoro penyika. Vachaparara nomunondo nenzara, uye zvitunha zvavo
zvichava zvokudya zveshiri dzedenga nemhuka dzepanyika."
5 Nokuti zvanzi naJehovha: "Usapinda muimba mune zvokudya zva-
mariro: usaenda kundochema kana kuvanzwira tsitsi, nokuti ndabvisa
maropafadzo norudo rwangu nengoni dzangu pavanhu ava," ndizvo
zvinotaura Jehovha. 6 "Vose, vakuru navaduku vachafa munyika ino.
Havangavigwi kana kuchemwa, uye hakuna munhu achazvicheka kana
kuveura musoro wake nokuda kwavo. 7 Hakuna munhu achavapa
chokudya kuti vanyarare pakuchema kwavo vakafa, hakuna kunyange
baba chaivo kana mai, hakuna kana achavapa mvura yokunwa chaiyo
kuti vanyarare.
8 "Newe usapinda muimba inoitirwa mutambo kundogara pasi uchidya
nokunwa. 9 Nokuti zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri:
Ndichagumisa panzvimbo ino, muchizviona pamazuva enyu, mheremhere
yokupembera nenzwi romufaro uye nenzwi romwenga nerechikomba.
10 "Paunovaudza vanhu ava izvi zvose ivo vakakubvunza vachiti
'Jehovha aisireiko kwatiri chirevo chenjodzi yakakura kudai? Chakaipa
chatakaita ndecheiko? Chivi chedu ndecheiko? Chivi chedu ndecheiko
chatakatadzira Jehovha Mwari wedu?' 11 ipapo uti kwavari, 'Nemhaka
yokuti madzibaba enyu akandisiya,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'vakat-
evera vamwe vamwari vakavashumira uye vakavanamata. Vakandisiya

ini uye havana kuchengeta mirayiro yangu. 12 Asi imi makaita zvakaipa
kupfuura madzibaba enyu. Tarirai kuti mumwe nomumwe wenyu an-
otevera sei kusindimara kwomwoyo wake wakaipa pano kuti anditeerere
ini. 13 Saka ndichakudzingai panyika ino ndichikuisai kunyika yamusina
kumboziva imi kana madzibaba enyu mugondoshumira vamwe vamwari
ikoko masikati nousiku, nokuti handingakunzwirei nyasha.'

14 "Kunyange zvakadaro, mazuva anouya," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"avasingazotizve, 'NaJehovha mupenyu iye akabudisa vaIsraeri muIjipiti,'
15 asi vachati, 'NaJehovha mupenyu, akabudisa vaIsraeri kubva munyika
yokumusoro uye nokubva munyika dzose dzaakanga avadzingira.' Nokuti
ndichavadzoserazve kunyika yandakapa madzitateguru avo.

16 "Asi zvino ndichavatumira varedzi vehove vazhinji," ndizvo zvino-
taura Jehovha, "vagozovabata. Mushure maizvozvo ndichatumira
vavhimi vazhinji, vachavavhima pamusoro pegomo roga roga napamu-
soro pechikomo choga choga uye nomumapako amatombo. 17 Meso angu
ari pamusoro penzira dzavo dzose; hadzina kuvanzika kwandiri, uye
chivi chavo hachina kuvanzika pameso angu. 18 Ndichatsiva zvakaipa
zvavo nechivi chavo, zvakapetwa kaviri, nokuti vakasvibisa nyika yangu
nezvitunha zvezvifananidzo zvavo zvisina maturo, uye vakazadza nhaka
yangu nezvifananidzo zvavo zvinonyangadza."

19 Imi Jehovha, simba rangu nenhare yangu,
utiziro hwangu munguva yokutambudzika,
ndudzi dzichauya kwamuri
dzichibva kumagumo enyika, dzichiti,
"Madzibaba edu akanga asina chaanacho asi vamwari venhema bedzi,
izvo zvifananidzo zvisingabatsiri zvisina chakanaka chazvakavaitira.
20 Ko, vanhu vanozviitira vamwari vavo here?
Hongu, asi havasi vamwari!"

21 "Naizvozvo ndichavadzidzisa,
nguva ino ndichavadzidzisa
simba rangu noukuru hwangu.
Ipapo vachaziva
kuti zita rangu ndiJehovha.

# 17

1 "Chivi chaJudha chakanyorwa nechinyoreso chesimbi,
chakanyorwa nomuromo webwe rakapinza kwazvo,
pahwendefa dzemwoyo yavo
nepanyanga dzearitari dzavo.
2 Kunyange vana vavo vanorangarira
aritari dzavo namatanda aAshera
munyasi memiti yakapfumvutira
uye napazvikomo zvakakwirira.
3 Gomo rangu riri munyika
uye pfuma yako namatura ako ose
ndichazviendesa kuutapwa,
pamwe chete nenzvimbo dzako dzakakwirira,
nokuda kwechivi chiri munyika yako yose.
4 Nokuda kwokutadza kwako, ucharasikirwa
nenhaka yandakakupa.

Ndichakuita muranda wavavengi vako
munyika yausingazivi,
nokuti wakabatidza kutsamwa kwangu,
uye kuchapfuta nokusingaperi."
5 Zvanzi naJehovha:
"Ngaatukwe munhu uyo anovimba nomumwe munhu,
anovimba nesimba renyama
ano mwoyo unofuratira Jehovha.
6 Achafanana negwenzi murenje;
haangaoni kubudirira pakunosvika.
Achagara munzvimbo dzakaoma dzemugwenga,
munyika yomunyu isingagarwi nomunhu.

7 "Asi akakomborerwa munhu anovimba naJehovha,
akaisa chivimbo chake maari.
8 Achafanana nomuti wakasimwa pamvura,
unotuma midzi yawo kurukova.
Hautyi kana kupisa kuchisvika;
mashizha awo anogara ari manyoro.
Haufunganyi mugore rokusanaya kwemvura,
uye haumboshayiwi zvibereko."

9 Mwoyo unonyengera kupfuura zvinhu zvose,
uye wakaora chose.
Ndiani angauziva?

10 "Ini Jehovha ndinonzvera mwoyo
uye ndinoedza ndangariro,
kuti ndipe munhu zvakaringana namafambiro ake,
uye zvakafanira mabasa ake."

11 Sechikwari chinochochonya mazai achisina kukandira,
ndizvo zvakaita munhu anowana pfuma nokusarurama.
Pakati pamazuva ake, zvichamusiya,
uye pakupedzisira achazviona kuti ibenzi.

12 Chigaro choushe chinobwinya, chakanga chakasimudzirwa kubva pakutanga,
ndicho nzvimbo yedu tsvene.
13 Imi Jehovha, tariro yaIsraeri,
vose vanokusiyai vachanyadziswa.
Vose vanotsauka kwamuri vachanyorwa muvhu,
nokuti vakasiya Jehovha,
chitubu chemvura mhenyu.

14 Haiwa Jehovha, ndiporesei, ipapo ndichaporeswa;
ndiponesei, ipapo ndichaponeswa,
nokuti imi ndimi wandinorumbidza.
15 Vanogara vachiti kwandiri,
"Shoko raJehovha riripiko?
Ngarizadziswe iye zvino!"
16 Handina kutiza pakuva mufudzi wenyu;

munoziva kuti handina kushora zuva rokupera kwetariro.
Zvinobuda mumuromo mangu zviri pachena pamberi penyu.
17 Musava chinhu chinotyisa kwandiri;
ndimi utiziro hwangu pazuva renjodzi.
18 Vatambudzi vangu ngavanyadziswe,
asi ini ndidzivirirei pakunyadziswa;
ngavavhunduswe ivo,
asi ini ndidzivirirei kuti ndisavhunduswa.
Uyisai pamusoro pavo zuva renjodzi;
vaparadzei nokuparadza kwakapetwa kaviri.

*Kuchengeta Sabata rive Dzvene*

19 Izvi ndizvo zvakataurwa naJehovha kwandiri: "Enda undomira pasuo
ravanhu, panopinda nokubuda namadzimambo eJudha; ugondomirazve
pane mamwe masuo ose eJerusarema. 20 Uti kwavari, 'Inzwai shoko
raJehovha, imi madzimambo eJudha navanhu vose veJudha navose
vanogara muJerusarema vanopinda napamasuo aya. 21 Zvanzi naJehovha:
Zvichenjererei kuti muregе kutakura mutoro nomusi weSabata kana ku-
upinza napasuo reJerusarema. 22 Musabudisa mitoro mudzimba dzenyu
kana kuita basa ripi neripi pazuva reSabata, asi chengetai zuva reSabata
rive dzvene, sezvandakarayira madzitateguru enyu. 23 Asi havana kunzwa
kana kurereka nzeve dzavo; vakava nemitsipa mikukutu uye havana
kumboteerera kana kugamuchira kurayirwa. 24 Asi kana mukachenjerera
kuti munditeerere, ndizvo zvinotaura Jehovha, mukasauya nemitoro
napamasuo eguta iri nomusi weSabata, asi muchichengeta zuva reSabata
kuti rive dzvene nokusaita basa ripi neripi pazuva iroro, 25 ipapo
madzimambo anogara pachigaro choushe chaDhavhidhi vachauya napa-
masuo eguta namachinda avo. Ivo namachinda avo vachauya vakak-
wira ngoro namabhiza, vachiperekedzwa navarume veJudha navose
vanogara muJerusarema, uye guta rino richagarwa nokusingaperi.
26 Vanhu vachauya kumaguta eJudha uye nokumisha yakapoteredza
Jerusarema, kubva kunyika yeBhenjamini nokujinga rezvikomo zvoku-
mavirira, nokunyika yemakomo uye nokuNegevhi, vachiuyisa zvipiriso
zvinopiswa nezvibayiro, uye zvipiriso zvezviyo, nezvinonhuhwira nezvipo
zvokuvonga kuimba yaJehovha. 27 Asi kana mukarega kunditeerera
kuti muchengete zuva reSabata kuti rive dzvene, musingaregi kutakura
mutoro pamunopinda pamasuo eJerusarema nezuva reSabata, ipapo
ndichabatidza moto usingadzimwe mumasuo eJerusarema uchapedza
nharo dzaro.' "

# 18

*Paimba yoMuumbi weHari*

1 Iri ndiro shoko rakauya kuna Jeremia richibva kuna Jehovha richiti,
2 "Buruka uende kuimba yomuumbi wehari, ndigokupa shoko rangu
ikoko." 3 Saka ndakaenda kuimba yomuumbi wehari, ndikamuona
achishanda paguyo. 4 Asi hari yaakanga achiumba nevhu yakashatiswa
mumaoko ake; saka muumbi akaita imwe hari akaiumba namaumbiro
aaiona akanaka.

5 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 6 "Haiwa imba
yaIsraeri, handingagoni kuita nemi sezvinoita muumbi wehari uyu here?"
ndizvo zvinotaura Jehovha. "Sezvakaita ivhu muruoko rwomuumbi,
ndizvo zvamakaita muruoko rwangu, imi imba yaIsraeri. 7 Kana

ndikazivisa panguva ipi zvayo kuti rudzi kana ushe zvidzurwe nokub-
varurwa uye zviparadzwe, 8 uye kana rudzi urwo rwandakayambira
rukatendeuka pane zvakaipa zvarwo, ipapo ndichazvidemba ndigorega
kuisa pamusoro pavo njodzi yandakanga ndavarongera. 9 Uye kana pane
imwe nguva ndikazivisa kuti rudzi kana ushe zvivakwe uye zvisimwe,
10 uye kana rukaita zvakaipa pamberi pangu uye rukasanditeerera, ipapo
ndicharangarirazve zvakanaka zvandakanga ndichida kuruitira.

11 "Naizvozvo zvino uti kuvanhu veJudha naavo vanogara mu-
Jerusarema, 'Zvanzi naJehovha: Tarirai, ndiri kugadzirira njodzi uye ndiri
kuronga urongwa hwakaipa pamusoro penyu. Saka dzokai mubve panzira
dzenyu dzakaipa, mumwe nomumwe wenyu, uye mushandure nzira
dzenyu namaitiro enyu.' 12 Asi vachapindura vachiti, 'Hazvina maturo.
Ticharambira pane zvatakafunga; mumwe nomumwe wedu achatevera
kusindimara kwomwoyo wake wakaipa.' "

13 Naizvozvo zvanzi naJehovha:
"Bvunzai pakati pevedzimwe ndudzi kuti:
Ndiani akambonzwa chimwe chinhu chakadai?
Chinhu chakaipa kwazvo chakaitwa
neMhandara Israeri.
14 Ko, chando cheRebhanoni
chinomboshayikwawo pamawere ematombo here?
Ko, mvura yaro inotonhorera inoyerera ichibva kure
inombomira kuyerera here?
15 Kunyange zvakadaro, vanhu vangu vakandikanganwa;
vanopisira zvinonhuhwira kuzvifananidzo zvisina maturo,
izvo zvakaita kuti vagumburwe munzira dzavo,
uye napamakwara ekare kare.
Vakavaita kuti vafambe mumakwara akatsauka
nomumigwagwa isina kugadzirwa.
16 Nyika yavo ichaitwa dongo,
chiseko chisingaperi;
vose vanopfuura nemo vachashamiswa
uye vachadzungudza misoro yavo.
17 Semhepo inobva kumabvazuva,
ndichavaparadzira pamberi pavavengi vavo;
ndichavaratidza musana wangu kwete uso hwangu,
pazuva renjodzi yavo."

18 Vakati, "Uyai tironge zvatingaita naJeremia; nokuti kudzidziswa
kwomurayiro navaprista hakungaraswi, kunyange zano rinobva kuna
vakachenjera, kana shoko rinobva kuvaprofita. Saka uyai, timurove
nendimi dzedu tirege kuteerera chinhu chipi nechipi chaanoreva."
19 Haiwa Jehovha ndinzweiwo;
inzwai zvinorehwa navapomeri vangu!
20 Ko, zvakanaka zvingatsiviwa nezvakaipa here?
Kunyange zvakadaro vakandicherera gomba.
Rangarirai kuti ndakamira pamberi penyu
ndichivareverera,
kuti mudzore kutsamwa kwenyu kwavari;
21 Saka sundirai vana vavo kunzara;
vaisei kusimba romunondo.
Vakadzi vavo ngavarege kuva navana uye ngavave chirikadzi;
varume vavo ngavaurayiwe,

majaya avo ngaaurayiwe nomunondo muhondo.
22 Kuchema ngakunzwike kuchibva kudzimba dzavo,
pamunouyisa vapambi pamusoro pavo pakarepo,
nokuti vakachera hunza kuti vandibate,
uye vakavanzira tsoka dzangu misungo.
23 Asi munoziva, imi Jehovha,
rangano dzavo dzose dzokundiuraya.
Musavakanganwira mhaka dzavo
kana kudzima zvivi zvavo pamberi penyu.
Ngavawisirwe pasi pamberi penyu,
muvarove panguva yokutsamwa kwenyu.

# 19

1 Zvanzi naJehovha: "Enda undotenga chirongo chevhu kumuumbi
wehari. Uende navamwe vakuru vavanhu navaprista. 2 Muende
kuMupata waBheni Hinomi, pedyo napamuromo weSuo reZvaenga.
Uparidzepo mashoko andinokuudza, 3 uchiti, 'Inzwai shoko raJehovha,
imi madzimambo navanhu veJerusarema. Zvanzi naJehovha Mwari
Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: Teererai, ndiri kuuyisa njodzi
panzvimbo ino ichaita kuti nzeve yomumwe nomumwe anonzwa nezvayo
iwunge. 4 Nokuti vakandisiya vakaita nzvimbo ino kuti ive yamwari
wavatorwa; vakapisira zvibayiro mairi kuna vamwari vavasina kuziva
ivo kana madzibaba avo kana madzimambo eJudha, uye vakazadza
nzvimbo ino neropa ravasina mhosva. 5 Vakavaka nzvimbo dzakakwirira
dzaBhaari kuti vapise vanakomana vavo mumoto sezvipiriso kuna Bhaari,
chinhu chandisina kuvarayira kana kureva, uye hachina kumbopinda
mupfungwa dzangu. 6 Saka chenjerai, mazuva anouya, ndizvo zvinotaura
Jehovha, apo vanhu vasingazotumidzi nzvimbo ino kuti Tofeti kana kuti
Mupata waBheni Hinomi, asi kuti Mupata Wokuuraya.

7 " 'Ndichaparadza urongwa hwaJudha neJerusarema munzvimbo ino.
Ndichavawisira pasi nomunondo pamberi pavavengi vavo, pamaoko
avanotsvaka kuvauraya, uye ndichapa zvitunha zvavo sezvokudya kushiri
dzedenga nezvikara zvenyika. 8 Ndichaparadza guta rino uye ndichari-
ita chinhu chinosekwa; vose vanopfuura napo vachashamiswa uye
vacharihomera nokuda kwamaronda aro ose. 9 Ndichaita kuti vadye
nyama yavanakomana vavo neyavanasikana vavo, uye nyama yomumwe
nomumwe wavo panguva yokurema kwokukombwa kunenge kwaiswa
pamusoro pavo navavengi vavo vanotsvaka kuvauraya.'

10 "Ipapo uputse chirongo vaya vanoenda newe vakatarisa, 11 ugoti
kwavari, 'Zvanzi naJehovha Mwari Wamasimba Ose: Ndichaputsa rudzi
urwu neguta rino sokuputsika kwechirongo chemuumbi wehari uye
hachingagoni kugadzirwazve. Vachaviga vakafa muTofeti kusvikira
pasisina nzvimbo. 12 Izvi ndizvo zvandichaitira nzvimbo ino nokuna vose
vanogara muno, ndizvo zvinotaura Jehovha. Ndichaita guta rino seTofeti.
13 Dzimba dziri muJerusarema nedzamadzimambo eJudha dzichasvibiswa
senzvimbo ino, Tofeti, dzimba dzose dzavaipisira zvinonhuhwira pa-
matenga adzo, vachipisira hondo dzenyeredzi dzose dzokudenga uye
vachidururira vamwe vamwari zvipiriso zvokunwa.' "

14 Ipapo Jeremia akabva kuTofeti, kwaakanga atumwa naJehovha
kundoprofita, akandomira muruvazhe rwetemberi yaJehovha ndokuti
kuvanhu vose, 15 "Zvanzi naJehovha Mwari Wamasimba Ose, Mwari
waIsraeri: 'Inzwai! Ndichauyisa pamusoro peguta rino nemisha

yakaripoteredza, njodzi imwe neimwe yandakazivisa pamusoro paro, nokuti ivo vakaomesa mitsipa yavo vakaramba kunzwa mashoko angu.' "

# 20

*Jeremia naPashuri*

1 Muprista Pashuri mwanakomana waImeri, mutariri mukuru mutem-
beri yaJehovha, akati anzwa Jeremia achiprofita zvinhu izvi, 2 akarayira
kuti Jeremia muprofita arohwe agoiswa muchitokisi paSuo Rokumusoro
raBhenjamini raiva patemberi yaJehovha. 3 Chifumi chamangwana,
Pashuri akati amusunungura kubva muchitokisi, Jeremia akati kwaari,
"Zita rinopiwa kwauri naJehovha harisi Pashuri, asi Magori-Misabhibhi
(zvichireva zvinotyisa kumativi ose). 4 Nokuti zvanzi naJehovha:
'Ndichakuita chinhu chinokutyisa iwe pachako nokushamwari dzako
dzose; uchadziona nemeso ako dzichiwisirwa pasi nomunondo wavavengi
vavo. Ndichaisa Judha rose mumaoko amambo weBhabhironi, uye
achavaendesa kuBhabhironi kana kuvauraya nomunondo. 5 Ndichaisa
pfuma yose yeguta rino, nezvose zvavakawana, nezvose zvinokosha
zvaro, nepfuma yose yamadzimambo eJudha, mumaoko avavengi vavo.
Vachazvipamba ndokuzviendesa kuBhabhironi. 6 Zvino iwe Pashuri,
navose vanogara mumba mako muchatapwa mugondogariswa kuBhab-
hironi. Uchandofira ikoko, iwe neshamwari dzako dzose dzawaiprofitira
nhema.' "

*Kugunun'una kwaJeremia*

7 Haiwa Jehovha makandinyengera, uye ndakanyengerwa;
makandikurira uye mukakunda,
vanondiseka zuva rose;
munhu wose anondiseka.
8 Pandinotaura pose, ndinodanidzira
ndichitaura nezvokuita nechisimba nokuparadza.
Saka shoko raJehovha rakandivigira
kutukwa nokunyadziswa zuva rose.
9 Asi kana ndikati, "Handicharevi zita rake,
kana kutaurazve muzita rake,"
shoko rake riri mumwoyo mangu rakaita somoto,
moto wakapfigirwa mumapfupa angu.
Ndaneta nokuridzivisa;
zvirokwazvo, handigoni.
10 Ndinonzwa vazhinji vachizevezera vachiti,
"Zvinotyisa kumativi ose!
Mureverei! Ngatimureverei!"
Shamwari dzangu dzose
dzakarindira kutedzemuka kwangu, dzichiti,
"Zvimwe achanyengererwa;
ipapo tigomukunda
tigozvitsiva paari."
11 Asi Jehovha aneni semhare ine simba;
saka vatambudzi vangu vachagumburwa, uye havangakundi.
Vachakundikana uye vachanyadziswa kwazvo;
kusakudzwa kwavo hakungatongokanganwiki.
12 Haiwa Jehovha Wamasimba Ose, iyemi munoedza vakarurama
uye munonzvera mwoyo nendangariro,

regai ndione kutsiva kwenyu pamusoro pavo,
nokuti ndaisa mhaka yangu kwamuri.

13 Imbirai Jehovha!
Ipai rumbidzo kuna Jehovha!
Iye anorwira upenyu hwavanoshayiwa
kubva mumaoko avakaipa.

14 Ngaritukwe zuva randakaberekwa!
Zuva randakaberekwa namai vangu ngariregi kuropafadzwa!
15 Ngaatukwe munhu akazivisa baba vangu shoko,
iye akaita kuti vafare kwazvo, achiti,
"Waberekerwa mwana, iye mwanakomana!"
16 Munhu uyo ngaave semaguta
akaparadzwa naJehovha asingazvidembi.
Ngaanzwe kuungudza mangwanani,
nokudanidzirwa kwehondo masikati.
17 Nokuti haana kundiuraya ndiri mudumbu,
mai vangu vangadai vari guva rangu,
vairamba vane mimba.
18 Ndakambobudireiko mudumbu
kuti ndione nhamo nokuchema
uye ndigogumisa mazuva angu mukunyadziswa?

# 21

### *Mwari anoramba Chikumbiro chaZedhekia*

1 Shoko rakauya kuna Jeremia richibva kuna Jehovha panguva
yakatuma mambo Zedhekia kwaari Pashuri mwanakomana
waMarikiya, nomuprista Zefania mwanakomana waMaaseya. Vakati,
2 "Dotibvunzirawo kuna Jehovha iye zvino nokuti Nebhukadhinezari
mambo weBhabhironi ari kurwa nesu. Zvichida Jehovha angatiitira
zvishamiso sepanguva dzakapfuura kuitira kuti uyu abve kwatiri."
3 Asi Jeremia akavapindura achiti, "Udzai Zedhekia kuti, 4 'Zvanzi
naJehovha, Mwari waIsraeri: Ndava pedyo nokunangisa kwauri zvombo
zvehondo zviri mumaoko ako, zvaunoshandisa kurwa namambo weB-
habhironi navaBhabhironi vakakukombai kunze kwamasvingo. Uye
ndichazviunganidza mukati meguta rino. 5 Ini ndimene ndicharwa
newe noruoko rwakatambanudzwa noruoko rune simba mukutsamwa
neshungu nehasha huru. 6 Ndicharova vanogara muguta rino, zvose
vanhu nezvipfuwo, uye zvichafa nedenda rakaipisisa. 7 Shure kwaizvozvo,
ndizvo zvinotaura Jehovha, ndichaisa Zedhekia mambo weJudha, na-
machinda ake navanhu vari muguta rino vanopunyuka padenda, na-
pamunondo, nepanzara, kuna Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi
nokuvavengi vavo vanotsvaka kuvauraya. Achavaisa kumunondo; haan-
gavanzwiri urombo, kana ngoni, kana tsitsi.'
8 "Zvakare, uti kuvanhu, 'Zvanzi naJehovha: Tarirai, ndiri kuisa
pamberi penyu nzira youpenyu neyorufu. 9 Ani naani achagara
muguta rino achafa nomunondo, nenzara kana nedenda. Asi ani naani
achabuda akandozvipira kuvaBhabhironi vakakukombai achararama;
achatiza noupenyu hwake. 10 Ndafunga kuitira guta rino zvakaipa kwete
zvakanaka, ndizvo zvinotaura Jehovha. Richaiswa mumaoko amambo
weBhabhironi, uye achariparadza nomoto.'

11 “Pamusoro paizvozvo, uti kuimba youshe yaJudha, ‘Inzwai shoko
raJehovha, 12 imi imba yaDhavhidhi. Zvanzi naJehovha:
“ ‘Tongai nokururamisira mangwanani ari ose,
nunurai akabirwa, kubva muruoko rwomudzvinyiriri wake,
kuti kutsamwa kwangu kurege kubuda kukakupisai somoto,
nokuda kwezvakaipa zvamakaita,
kuchipfuta pasina angakudzima.
13 Ndine mhosva newe, Jerusarema,
iwe ugere pamusoro pomupata uno
pamutunhu wematombo,
ndizvo zvinotaura Jehovha,
iyemi munoti, “Ndiani angatirwisa?
Ndiani angapinda pautiziro hwedu?”
14 Ndichakurovai sezvakafanira mabasa enyu,
ndizvo zvinotaura Jehovha.
Ndichabatidza moto mumasango enyu
uchapisa zvose zvakakupoteredzai.’ ”

# 22

## *Kutongwa kwaMadzimambo Akaipa*

1 Zvanzi naJehovha: “Burukira kumuzinda wamambo weJudha un-
doparidza shoko iri ikoko uchiti, 2 ‘Inzwai shoko raJehovha, imi mambo
weJudha, iyemi munogara pachigaro choushe chaDhavhidhi, imi na-
machinda enyu navanhu venyu vanopinda napamasuo aya. 3 Zvanzi
naJehovha: Itai zvakanaka nezvakarurama. Rwirai akabirwa muruoko
rwounomumanikidza. Regai kuitira zvakaipa kana chisimba kumu-
torwa nenherera kana chirikadzi, uye musateura ropa risina mhosva
panzvimbo ino. 4 Nokuti kana mukachenjerera kuteerera mirayiro, ipapo
madzimambo anogara pachigaro chaDhavhidhi achapinda napamasuo
omuzinda uyu, vakakwira mungoro nepamabhiza vachiperekedzwa na-
machinda avo navanhu vavo. 5 Asi kana mukaramba kunzwa mirayiro
iyi, ndizvo zvinotaura Jehovha, ndinopika neni ndimene kuti nzvimbo ino
ichava dongo.’ ”

6 Nokuti zvanzi naJehovha pamusoro pomuzinda wamambo weJudha:
“Kunyange wakaita seGireadhi kwandiri,
wakaita somusoro weRebhanoni,
zvirokwazvo ndichakuita segwenga,
semaguta asingagarwi.
7 Ndichatumira vaparadzi pamusoro penyu,
mumwe nomumwe nezvombo zvake,
uye vachatema matanda enyu emisidhari akanaka
vagoakanda mumoto.

8 “Marudzi mazhinji avanhu achapfuura nepaguta rino uye vach-
abvunzana vachiti, ‘Jehovha aitireiko chinhu chakadai kuguta rino?’
9 Zvino mhinduro ichati, ‘Nokuti vakasiya sungano yaJehovha Mwari wavo
vakanamata uye vakashumira vamwe vamwari.’ ”
10 Musachema mambo akafa kana kuungudza nezvake;
asi muchemere kwazvo uyo akatapwa,
nokuti haachambodzoki kana kuzoonazve nyika yaakaberekerwa.
11 Nokuti zvanzi naJehovha pamusoro paSharumi mwanakomana waJosia,
uyo akatevera Baba vake samambo weJudha asi akabva panzvimbo ino:

“Haazombodzoki. 12 Achafira munzvimbo yavakamuendesa kuutapwa;
haachazombooni nyika inozve.”
13 “Ane nhamo uyo anovaka muzinda wake nokusarurama,
namakamuri ake okumusoro nokusaruramisira,
anoshandisa vanhu vokwake pasina chaanovapa,
asingavaripiri pakushanda kwavo.
14 Iye anoti, ‘Ndichazvivakira muzinda wakakura
una makamuri okumusoro anoyevedza.’
Saka anoita mawindo makuru mairi,
achiabatanidza nomusidhari,
agoashongedza nezvitsvuku.

15 “Izvozvo zvinokuita mambo here,
kuva nemisidhari yakawandawanda?
Ko, baba vako havana kuwana zvokudya nezvokunwa here?
Iye akaita zvakarurama uye nokururamisira,
saka zvose zvakamufambira zvakanaka.
16 Akatongera varombo nevaishayiwa mhaka dzavo,
nokudaro zvose zvakafamba zvakanaka.
Hazvisizvo zvinoreva kundiziva here?”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
17 “Asi meso enyu nemwoyo yenyu
zvakangotarisa chete papfuma isakarurama,
pakuteura ropa risina mhosva
napakumanikidza nokuita nechisimba.”
18 Naizvozvo zvanzi naJehovha, pamusoro paJehoyakimi mwanakomana
waJosia, mambo weJudha:
“Havangamuchemi vachiti:
‘Yowe-e, munun’una wangu! Yowe-e, hanzvadzi yangu!’
Havangamuchemi vachiti:
‘Yowe-e, tenzi wangu! Yowe-e, ukuru hwake!’
19 Achavigwa sokuvigwa kunoitwa mbongoro,
achakwekweredzwa agoraswa kure,
kunze kwamasuo eJerusarema.”

20 “Kwirai kuRebhanoni mudanidzire,
inzwi renyu ngarinzwike paBhashani,
danidzirai kubva paAbharimi,
nokuti shamwari dzenyu dzose dzaparadzwa.
21 Ndakakuyambira uchigere zvakanaka,
asi iwe wakati, ‘Handidi kuteerera!’
Ndiyo yanga iri nzira yako kubva pauduku hwako;
hauna kunditeerera.
22 Mhepo ichadzingira kure vafudzi vako vose,
uye shamwari dzako dzichaenda kuutapwa.
Ipapo iwe uchanyara uye uchanyadziswa,
nokuda kwokuipa kwako kwose.
23 Imi mugere mu‘Rebhanoni,’
iyemi makavakirwa matendere mudzimba dzemisidhari,
muchagomera sei kurwadza pakuchauya pamusoro penyu,
kurwadziwa sekwomukadzi anosunungura!
24 “Zvirokwazvo, noupenyu hwangu,” ndizvo zvinotaura Jehovha,
“kunyange kana iwe Jehoyakini mwanakomana waJehoyakimi mambo

weJudha, wakanga uri mhete muruoko rwangu rworudyi, ndaingokubvisa
zvakadaro. 25 Ndichakuisa mumaoko aavo vanotsvaka kukuuraya, ivo
vaunotya, kuna Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi nokuvaBhab-
hironi. 26 Ndichapotsera iwe namai vakakubereka kune imwe nyika
kwamusina kuberekerwa, uye ikoko kwamuchandofira muri vaviri.
27 Hamuzombodzokizve kunyika yamunoshuva kudzokera kwairi."
28 Ko, murume uyu Jehoyakini munhu akazvidzika, ihari yakaputsika,
chinhu chisina angada here?
Seiko iye navana vake vapotserwa kunze,
vakarasirwa kunyika yavasingazivi?
29 Iwe nyika, nyika, nyika,
inzwa shoko raJehovha!
30 Zvanzi naJehovha:
"Nyora munhu uyu seasina mwana,
munhu asingazobudiriri pamazuva oupenyu hwake,
nokuti hakuna mwana wake achapfuma,
hakuna achagara pachigaro choushe chaDhavhidhi,
kana kutongazve munyika yeJudha."

# 23

*Davi Rakarurama*

1 "Vane nhamo vafudzi vari kuparadza uye vari kuparadzira makwai
amafuro angu!" ndizvo zvinotaura Jehovha. 2 Naizvozvo zvanzi naJe-
hovha, Mwari waIsraeri, kuvafudzi vanofudza vanhu vangu: "Nemhaka
yokuti makaparadzira makwai angu mukaadzingira kure uye mukasava
nehanya nawo, ndichaisa rushamhu pamusoro penyu nokuda kwez-
vakaipa zvamakaita," ndizvo zvinotaura Jehovha. 3 "Ini pachangu
ndichaunganidza akasara amakwai angu kubva kunyika dzose dzan-
dakanga ndaadzingira uye ndichaadzosera kumafuro awo, kwaachava
nezvibereko uye kwaachawanda. 4 Ndichagadza vafudzi pamusoro pavo
vachaafudza, uye havazotyi kana kuvhunduka, uye hakuna rimwe rawo
ringashayikwa," ndizvo zvinotaura Jehovha.
5 "Mazuva achauya," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"pandichamutsira Dhavhidhi Davi rakarurama,
Mambo achatonga nouchenjeri
nokururamisira uye nokuita zvakarurama munyika.
6 Pamazuva ake Judha achaponeswa
uye Israeri achagara norugare.
Zita rake raachatumidzwa ndirori rokuti:
Jehovha Ndiye Kururama Kwedu.
7 Naizvozvo zvino mazuva achauya," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"avasingazoti, 'NaJehovha mupenyu iye akabudisa vaIsraeri kubva muI-
jipiti,' 8 asi vachazoti, 'NaJehovha mupenyu, akabudisa vana vaIsraeri
kubva kunyika yokumusoro nokunyika dzose kwaakanga avadzingira.'
Ipapo vachagara munyika yavo."

*Vaprofita venhema*

9 Kana vari vaprofita:
Mwoyo wangu waputsika mukati mangu;
mapfupa angu ose anodedera.
Ndakaita somunhu akadhakwa,
somunhu akundwa newaini,

nokuda kwaJehovha
uye nokuda kwamashoko ake matsvene.
10 Nyika izere nemhombwe;
nyika yaoma nokuda kwokutukwa
uye mafuro omugwenga aoma.
Vaprofita votevera nzira yakaipa
uye vanoshandisa simba ravo nokusarurama.

11 "Muprofita nomuprista vose havana umwari;
kunyange mutemberi yangu ndinowana kuipa kwavo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
12 "Naizvozvo nzira yavo ichatsvedza;
vachadzingirwa kurima
uye ikoko ndiko kwavachawira.
Ndichauyisa njodzi pamusoro pavo
mugore ravacharangwa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

13 "Pakati pavaprofita veSamaria
ndakaona chinhu chinonyangadza ichi:
Vakaprofita naBhaari,
uye vakatungamirira vanhu vangu vaIsraeri mukurasika.
14 Uye pakati pavaprofita veJerusarema
ndakaona chimwe chinhu chinonyangadza:
Vanoita upombwe uye vanoreva nhema.
Vanosimbisa maoko evaiti vezvakaipa,
zvokuti hakuna anodzoka pazvakaipa zvake.
Vose vakaita seSodhomu kwandiri;
vanhu veJerusarema vakaita seGomora."
15 Naizvozvo, zvanzi naJehovha Mwari Wamasimba Ose, pamusoro
pavaprofita:
"Ndichaita kuti vadye kudya kunovava,
uye kuti vanwe mvura ine muchetura,
nokuti zvichibva nokumuprofita weJerusarema,
kushaya umwari kwapararira panyika yose."
16 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Regai kuteerera zvamunoprofitirwa navaprofita;
vanokuzadzai netariro dzenhema.
Vanotaura zviratidzo zvinobva pandangariro dzavo,
zvisingabvi mumuromo maJehovha.
17 Vanoramba vachiti kuna avo vanondizvidza,
'Jehovha anoti: Muchava norugare.'
Uye kuna vaya vose vanotevera kusindimara kwemwoyo yavo,
vanoti, 'Hakuna chakaipa chichakuwirai.'
18 Asi ndiani pakati pavo akamira parangano yaJehovha,
kuti aone kana kunzwa shoko rake?
Ndiani akateerera akanzwa shoko rake?
19 Tarirai, dutu raJehovha
richaputika muhasha dzake,
chamupupuri chichimona chakananga
pamisoro yavakaipa.
20 Kutsamwa kwaJehovha hakungadzoki,

kusvikira apedza
zvinovavarirwa nomwoyo wake.
Pamazuva achauya
muchazvinzwisisa zvakanyatsojeka.
21 Handina kutuma vaprofita ava,
kunyange zvakadaro vakamhanya neshoko ravo;
ini handina kutaura navo,
kunyange zvakadaro vakaprofita.
22 Asi dai vakamira parangano yangu,
vangadai vakaparidza mashoko angu kuvanhu vangu,
uye vangadai vakavadzora panzira dzavo dzakaipa,
napamabasa avo akaipa.

23 "Ko, ini ndinongori Mwari ari pedyo here,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"ndisati ndiri Mwari ari kure?
24 Pano munhu angavanda, panzvimbo dzakavanzika
zvokuti handingamuoni here?"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ko, handizadzi denga nenyika here?"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

25 "Ndakanzwa zvakataurwa navaprofita vanoprofita nhema muzita
rangu. Vanoti, 'Ndakarota! Ndakarota!' 26 Ko, izvi zvicharamba
zviri mumwoyo yavaprofita venhema ava kusvikira rinhi ivo vanoprof-
ita zvokunyengera kwendangariro dzavo? 27 Vanofunga kuti zviroto
zvavanoudzana zvichaita kuti vanhu vangu vakanganwe zita rangu
sezvakaita madzibaba avo akakanganwa zita rangu nokuda kwokunamata
Bhaari. 28 Muprofita ane chiroto ngaataure kurota kwake, asi ane shoko
rangu ngaataure nokutendeka. Nokuti mashanga ane basa rei pazviyo?"
ndizvo zvinotaura Jehovha. 29 "Shoko rangu harina kufanana nomoto
here," ndizvo zvinotaura Jehovha, "uye nenyundo inoputsanya dombo?"

30 "Naizvozvo," ndizvo zvinotaura Jehovha, "handina ukama navaprof-
ita vanobirana mashoko anofungidzirwa kuti anobva kwandiri. 31 Hongu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha, "handina ukama navaprofita vanoshandisa
ndimi dzavo vachiti, 'Jehovha ari kutaura.' 32 Zvirokwazvo handina
ukama neavo vanoprofita zviroto zvenhema," ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Vanovaudza uye vanotsausa vanhu vangu nenhema dzavo dzisina
maturo, asi handina kuvatuma kana kuvagadza. Havambobatsiri vanhu
ava napaduku pose," ndizvo zvinotaura Jehovha.

### *Chirevo Chenhema naVaprofita Venhema*

33 "Paunobvunzwa navanhu ava, vaprofita kana vaprista, vachiti,
'Chirevo ichi chaJehovha ndecheiko?' uti kwavari, 'Chirevo cheiko?
Ndichakurasai, ndizvo zvinotaura Jehovha.' 34 Kana muprofita kana
muprista kana ani zvake achiti, 'Ichi ndicho chirevo chaJehovha,'
ndicharanga munhu uyo nemhuri yake. 35 Izvi ndizvo zvamunoramba
muchitaura mumwe nomumwe wenyu kushamwari kana kuhama yake
muchiti: 'Mhinduro yaJehovha inoti kudiniko?' kana kuti 'Jehovha
akataureiko?' 36 Hamufaniri kutaura 'chirevo chaJehovha' zvakare, nokuti
shoko romunhu mumwe nomumwe richava chirevo chake, uye saizvozvo
munominamisa mashoko aMwari mupenyu, Jehovha Wamasimba Ose,
Mwari wedu. 37 Izvi ndizvo zvamucharamba muchitaura kumuprofita

muchiti: 'Jehovha akakupindurei?' kana kuti 'Jehovha akataurei?'
38 Kunyange muchiti, 'Ichi ndicho chirevo chaJehovha,' izvi ndizvo
zvinotaura Jehovha: Makashandisa mashoko anoti, 'Ichi ndicho chirevo
chaJehovha,' kunyange ndakanga ndakuudzai kuti musati, 'Ichi ndicho
chirevo chaJehovha'. 39 Naizvozvo, zvirokwazvo ndichakukanganwai
uye ndichakurasai mubve pamberi pangu imi neguta randakakupai
uye namadzibaba enyu. 40 Ndichauyisa pamusoro penyu kunyadziswa
kusingaperi, nyadzi dzisingaperi dzisingazokanganwiki."

# 24

*Tswanda Mbiri dzaMaonde*

1 Shure kwokutapwa kwaJehoyakini mwanakomana waJehoyakimi
mambo weJudha pamwe chete namachinda, navavezi, navapfuri vesimbi
veJudha vachibviswa kuJerusarema vachiendeswa kuBhabhironi naNeb-
hukadhinezari mambo weBhabhironi, Jehovha akandiratidza tswanda
mbiri dzine maonde dzakaiswa pamberi petemberi yaJehovha. 2 Imwe
tswanda yaiva namaonde akanaka kwazvo, akaita seaya anotanga kuibva;
imwe yacho yaive namaonde akaipa chose, zvokuti akanga asingagoni
kudyiwa.

3 Ipapo Jehovha akandibvunza achiti, "Uri kuoneiko Jeremia?"

Ini ndakapindura ndikati, "Maonde. Akanaka acho, akanaka kwazvo, asi akaipa acho akaipa zvokuti haangadyiwi."

4 Ipapo shoko raJehovha rakauya kwandiri rikati, 5 "Zvanzi naJehovha,
Mwari weIsraeri, 'Sezvakaita maonde aya akanaka, saizvozvo ndicha-
rangarira zvakanaka vatapwa vakabva kuJudha vandakatuma kubva
panzvimbo ino ndichivaendesa kunyika yeBhabhironi. 6 Meso angu
acharingira kwavari nokuda kwokunaka kwavo, uye ndichavadzosazve
munyika ino. Ndichavavaka uye handingavakoromori; ndichavasima
uye handingavadzuri. 7 Ndichavapa mwoyo wokundiziva, kuti ndini
Jehovha. Vachava vanhu vangu, uye ini ndichava Mwari wavo, nokuti
vachadzokera kwandiri nomwoyo wavo wose.

8 " 'Asi sezvakaita maonde akaipa, iwo akaipa kwazvo zvokusagona
kudyiwa,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'saizvozvo ndichaitira Zedhekia
mambo weJudha, namachinda ake, navaya vakasara muJerusarema,
kunyange vakasara munyika ino kana vagere muIjipiti. 9 Ndichavaita
chinhu chinovengwa, nechinhu chakaipa kuushe hwose hwenyika, chinhu
chinoshorwa, neshumo, chinhu chinosekwa nechinotukwa kwose kwose
kwandinovadzingira. 10 Ndichavatumira munondo, nzara, nehasha
pamusoro pavo kusvikira vaparadzwa kubva panyika yandakavapa ivo
namadzibaba avo.' "

# 25

*Makore Makumi Manomwe oUtapwa*

1 Shoko rakauya kuna Jeremia pamusoro pavanhu vose veJudha mu-
gore rechina raJehoyakimi mwanakomana waJosia mambo weJudha, iro
rakanga riri gore rokutanga raNebhukadhinezari mambo weBhabhironi.
2 Saka Jeremia muprofita akati kuvanhu vose veJudha nokuna vose vaigara
muJerusarema: 3 Kwamakore makumi maviri namatatu, kubva pagore
regumi namatatu raJosia mwanakomana waAmoni mambo weJudha
kusvikira zuva ranhasi, shoko raJehovha ranga richiuya kwandiri uye ini
ndikataura ndataurazve kwamuri, asi hamuna kuteerera.

4 Uye kunyange Jehovha akatuma varanda vake kwamuri ivo vaprofita
nguva nenguva, imi hamuna kuteerera kana kurereka nzeve dzenyu. 5 Ivo
vakati, "Dzokai zvino mumwe nomumwe wenyu, kubva panzira dzenyu dzakaipa nepamabasa enyu akaipa, mugogara munyika yamakapiwa
naJehovha imi namadzibaba enyu nokusingaperi. 6 Regai kutevera vamwe
vamwari kuti muvashumire uye muvanamate; murege kunditsamwisa nezvakaitwa namaoko enyu. Ipapo handingakuitirei zvakaipa."

7 "Asi imi hamuna kunditeerera," ndizvo zvinotaura Jehovha, "uye makanditsamwisa nezvakaitwa namaoko enyu, mukaita kuti zvakaipa zvikuwirei."

8 Naizvozvo zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Nemhaka yokuti
hamuna kuteerera mashoko angu, 9 ndichadana marudzi ose okumusoro
uye nomuranda wangu Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi," ndizvo zvinotaura Jehovha, "uye ndichavauyisa kuzorwa nenyika ino navanogaramo uye nendudzi dzose dzakavapoteredza. Ndichavaparadza zvachose uye ndichavaita chinhu chinovengwa nechinosekwa, nedongo nokusingaperi.
10 Ndichabvisa pakati pavo manzwi okupembera nomufaro, namanzwi emwenga neechikomba, nenzwi reguyo nechiedza chemwenje.
11 Nyika ino yose ichava dongo, uye marudzi aya achashandira mambo weBhabhironi kwemakore makumi manomwe.

12 "Asi kana makore makumi manomwe apera, ndicharova mambo weBhabhironi norudzi rwake, nenyika yavaBhabhironi, pamusoro pemhosva yavo," ndizvo zvinotaura Jehovha, "uye ndichaiita dongo nokusingaperi.
13 Ndichauyisa pamusoro penyika iyo zvinhu zvose zvandakataura pamusoro payo, zvose zvakanyorwa mubhuku iri nezvakaprofitwa naJeremia
pamusoro pendudzi dzose. 14 Ivo pachavo vachatapwa nendudzi zhinji namadzimambo makuru; ini ndichavaripira zvakaenzana nokubata kwavo uye namabasa emaoko avo."

### *Mukombe woKutsamwa kwaMwari*

15 Izvi ndizvo zvakataurwa naJehovha, Mwari waIsraeri, kwandiri: "Tora kubva muruoko rwangu mukombe uyu wakazara newaini yokutsamwa kwangu unwise ndudzi dzose dzandinokutuma kwadziri. 16 Kana
vachinge vainwa vachadzedzereka nokupenga nokuda kwomunondo wandichatuma pakati pavo."

17 Saka ndakatora mukombe muruoko rwaJehovha ndikaita kuti ndudzi dzose dzaakandituma kwadziri dzinwe:

18 Jerusarema namaguta eJudha, namadzimambo, namachinda aro, kuti aitwe matongo, chinhu chinovengwa nechinosekesa, nechinotukwa, sezvaakaita iye nhasi;
19 Faro mambo weIjipiti, navaranda vake, namachinda ake uye navanhu
vake vose, 20 navatorwa vose variko;
namadzimambo ose eUzi;
namadzimambo ose eFiristia (neavo veAshikeroni, neGaza, neEkironi, navanhu vakasiyiwa kuAshidhodhi);
21 Edhomu neMoabhu neAmoni;
22 namadzimambo ose eTire neSidhoni;
namadzimambo emuzviwi mhiri kwegungwa;
23 neDhedhani, neTema, neBhuzi navose vari kunzvimbo dziri kure;
24 madzimambo ose eArabhia namadzimambo ose enyika dzavatorwa vanogara mugwenga;
25 namadzimambo ose eZimuri, neEramu neFiristia,

26 namadzimambo ose okumusoro vepedyo nevokure, mumwe achitevera mumwe, ushe hwose huri pamusoro penyika.
Shure kwaivava vose, mambo weSheshaki achazoinwawo.

27 "Ipapo uvaudze kuti, 'Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari
weIsraeri: Inwai mudhakwe, murutse, muwe, uye murege kuzomukazve
nokuda kwomunondo wandichatuma pakati penyu.' 28 Asi kana
vakaramba kutora mukombe muruoko rwako kuti vamwe, uti kwavari,
'Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: Munofanira kuinwa! 29 Tarirai,
ndava kutanga kuuyisa njodzi pamusoro peguta rinodanwa neZita rangu,
ko, imi mungarega kurangwa here? Hamungaregi kurangwa nokuti ndava
kudana munondo pamusoro pavose vagere panyika, ndizvo zvinotaura
Jehovha Wamasimba Ose.'

30 "Zvino chiprofita mashoko aya ose pamusoro pavo uchiti:
" 'Jehovha achaomba ari kumusoro;
achatinhira ari pachigaro chake chitsvene
uye achaomba zvikuru pamusoro penyika yake.
Achadanidzira sezvinoita vanotsika mazambiringa,
achidanidzira kuna vose vagere panyika.
31 Bope richaunga kusvikira kumagumo enyika,
nokuti Jehovha achapa ndudzi mhosva;
achauyisa kutonga pamusoro pamarudzi ose avanhu
uye achaisa vakaipa kumunondo,' "
ndizvo zvinotaura Jehovha.

32 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Tarirai, njodzi iri kupararira
ichibva kuno rumwe rudzi ichienda kuno rumwe;
dutu guru rasimuka
richibva kumagumo enyika."

33 Panguva iyo vakaurayiwa naJehovha vachava pose pose vachibva kuno mumwe mugumo wenyika kusvikira kuno mumwe. Havangachemwi kana kuunganidzwa, kana kuvigwa, asi vachava somupfudze uri pamusoro penyika.

34 Chemai uye muungudze, imi vafudzi;
umburukai muguruva, imi vatungamiri veboka.
Nokuti nguva yokuurayiwa kwenyu yasvika;
muchawa mugopwanyika somudziyo wakanaka wevhu.
35 Vafudzi vachashayiwa kwokutizira,
uye vakuru veboka vachashayiwa kwokutizira.
36 Inzwai kuchema kwavafudzi,
kuungudza kwavatungamiri veboka,
nokuti Jehovha ari kuparadza mafuro avo.
37 Mafuro ano runyararo achaparadzwa
nokuda kwokutsamwa kunotyisa kwaJehovha.
38 Seshumba, achabva panzvimbo yake yokuvanda,
uye nyika yavo ichaparadzwa
nokuda kwomunondo womumanikidzi,
uye nokuda kwokutsamwa kunotyisa kwaJehovha.

# 26

*Vanotsvaka kuuraya Jeremia*

[1] Pamazuva okutanga kubata ushe kwaJehoyakimi mwanakomana
waJosia mambo weJudha, shoko iri rakabva kuna Jehovha richiti, [2] "Zvanzi
naJehovha: Mira paruvazhe rweimba yaJehovha utaure kuvanhu vose
vomumaguta eJudha vanouya kuzonamata muimba yaJehovha. Uvaudze
zvose zvandinokurayira, usadarikira kana shoko rimwe chete, [3] Zvimwe
vachanzwa mumwe nomumwe akadzoka panzira dzake dzakaipa. Ipapo
ndichazvidemba ndikarega kuisa pamusoro pavo njodzi yandanga ndichi-
funga kuvaitira nokuda kwezvakaipa zvavakaita. [4] Uti kwavari, 'Zvanzi
naJehovha: Kana musinganditeereri, uye musingateveri murayiro wangu,
wandakaisa pamberi penyu, [5] uye kana musingateereri mashoko avaranda
vangu ivo vaprofita, vandakatuma ndikatumazve kwamuri (Kunyange
musina kuteerera), [6] ipapo ndichaita kuti imba ino ive seShiro uye guta
rino kuti rive chinhu chinotukwa pakati pendudzi dzose dzepanyika.' "

[7] Vaprista navaprofita navanhu vose vakanzwa Jeremia achitaura
mashoko aya ari mumba maJehovha. [8] Asi Jeremia akati achangopedza
kuudza vanhu vose zvose zvaakanga arayirwa naJehovha kuti ataure,
vaprista navaprofita navanhu vose vakamubata vakati, "Unofanira kufa!
[9] Unoprofitirei muzita raJehovha uchiti imba ino ichava seShiro uye
guta rino richava dongo uye richashaya anogaramo?" Vanhu vose
vakaunganira Jeremia mumba maJehovha.

[10] Machinda eJudha akati anzwa nezvezvinhu izvi, vakakwidza vachibva
kumuzinda wamambo vakaenda kuimba yaJehovha vakandogara pa-
mukova wepaSuo Idzva weimba yaJehovha. [11] Ipapo vaprista navaprofita
vakati kumachinda nokuvanhu vose, "Munhu uyu anofanira kutongerwa
rufu nokuti akaprofita zvakaipa pamusoro peguta rino. Mazvinzwira imi
nenzeve dzenyu!"

[12] Ipapo Jeremia akati kumachinda ose nokuvanhu vose, "Jehovha
akandituma kuzoprofita pamusoro peimba ino napamusoro peguta rino,
zvinhu zvose zvamakanzwa. [13] Zvino, chinatsai nzira dzenyu nezviito
zvenyu muteerere Jehovha Mwari wenyu. Ipapo Jehovha achazvidemba
akarega kuuyisa pamusoro penyu njodzi yaakareva. [14] Asi kana ndirini,
ndiri mumaoko enyu; itai henyu zvamunofunga pamusoro pangu sezva-
munoona zvakanaka uye zvakarurama. [15] Kunyange zvakadaro hazvo,
zivai kuti, kana mukandiuraya muchamisa mhosva yeropa risina mhaka
pamusoro penyu uye napamusoro peguta rino, nepamusoro pevose
vanogara mariri, nokuti zvirokwazvo Jehovha akandituma kwamuri kuti
nditaure mashoko ose aya munzeve dzenyu."

[16] Ipapo machinda navanhu vose vakati kuvaprista nokuvaprofita,
"Munhu uyu haafaniri kutongerwa rufu! Ataura kwatiri muzita raJehovha
Mwari wedu."

[17] Vamwe vavakuru venyika vakasimuka vakati kuungano yose ya-
vanhu, [18] "Mikaya wokuMorasheti akaprofita pamazuva aHezekia mambo
weJudha. Akaudza vanhu vose veJudha kuti, 'Zvanzi naJehovha Wa-
masimba Ose:

" 'Zioni richarimwa somunda,
Jerusarema richava murwi wamabwe,
negomo retemberi richava chikomo chakamera miti.'

[19] Ko, Hezekia mambo weJudha kana mumwewo zvake weJudha ndiye
akamuuraya here? Ko, Hezekia haana kutya Jehovha akatsvaka
nyasha dzake here? Uye Jehovha haana kuzvidemba, akarega kuuyisa

njodzi yaakanga ataura pamusoro pavo here? Tava kuda kuzviunzira
dambudziko rakaipisisa pamusoro pedu!”

20 (Zvino Uria mwanakomana waShemaya aibva kuKiriati Tearimi
ndiye mumwe murume akaprofita muzita raJehovha; akaprofita zvinhu
zvimwe chetezvo pamusoro peguta rino nenyika ino sezvakangoitwawo
naJeremia. 21 Mambo Jehoyakimi namakurukota ake ose namachinda ake
vakati vanzwa mashoko ake, mambo akatsvaka kumuuraya. Asi Uria
akazvinzwa akatya ndokubva atizira kuIjipiti. 22 Kunyange zvakadaro,
mambo Jehoyakimi akatuma Erinatani mwanakomana waAkibhori kuI-
jipiti, pamwe chete navamwe varume. 23 Vakabudisa Uria kubva kuIjipiti
vakamuendesa kuna Mambo Jehoyakimi uyo akaita kuti aurayiwe uye
mutumbi wake ukakandwa kunzvimbo yaivigirwa vanhuwo zvavo).

24 Pamusoro paizvozvo Ahikami mwanakomana waShafani akatsigira
Jeremia, nokudaro haana kuzoiswa mumaoko avanhu kuti aurayiwe.

# 27

*VaJudha vanofanira kushandira Nebhukadhinezari*

1 Pakutanga kwokubata ushe kwaZedhekia mwanakomana waJosia
mambo weJudha, shoko iri rakasvika kuna Jeremia richibva kuna Jehovha,
richiti: 2 Izvi ndizvo zvataurwa naJehovha kwandiri: “Ita joko remakashu
namatanda ugoriisa pamutsipa wako. 3 Ipapo ugotuma shoko kuna
mambo weEdhomu, nokuna mambo weMoabhu, noweAmoni, noweTire
neSidhoni noruoko rwenhume dzinouya kuJerusarema kuna Zedhekia
mambo weJudha. 4 Uvape shoko ravanatenzi vavo uchiti, ‘Zvanzi naJe-
hovha Wamasimba Ose iye Mwari waIsraeri, “Taurai izvi kuna vanatenzi
venyu kuti: 5 Ndakaita nyika navanhu vayo, nemhuka dziri mairi nesimba
rangu guru uye noruoko rwakatambanudzwa, uye ndinoipa kuna ani
zvake anondifadza. 6 Zvino, ndichapa nyika dzako dzose kumuranda
wangu Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi; uye kuti kunyange
zvikara zvesango zvive pasi pake. 7 Ndudzi dzose dzichamushandira,
iye nemwanakomana wake, nomuzukuru wake, kusvikira nguva yenyika
yake yasvika; ipapo ndudzi zhinji namadzimambo makuru vachamuita
muranda.
8 “ ‘ “Kunyange zvakadaro, kana rudzi rupi norupi kana ushe hupi
nohupi hukasazoshandira Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi kana
hukazoisa mutsipa warwo pasi pejoko rake, ndicharanga rudzi urwo
nomunondo, nenzara uye nedenda, kusvikira ndarupedza noruoko rwake,
ndizvo zvinotaura Jehovha. 9 Saka musateerera vaprofita venyu, navavuki
venyu, kana vanodudzira hope kana vafemberi kana varoyi vanokuudzai
kuti, ‘Hamungashandiri mambo weBhabhironi’. 10 Vanokuprofitirai
nhema dzichangoita kuti mubviswe muendeswe kure nenyika dzenyu;
ndichakudzingai uye muchaparara. 11 Asi kana rudzi rupi norupi
rukazoisa mutsipa warwo pasi pejoko ramambo weBhabhironi ruka-
mushandira, ndichaita kuti rudzi urwo rurambe rwuri munyika yarwo
kuti varime vagogaramo, ndizvo zvinotaura Jehovha.” ’ ”

12 Ndakapa shoko rimwe chetero kuna Zedhekia mambo weJudha.
Ndakati, “Isa mutsipa wako pasi pejoko ramambo weBhabhironi;
umushandire iye navanhu vake, ugorarama. 13 Ko, iwe navanhu
vako muchafireiko nomunondo, nenzara uye nedenda izvo zvakanzi
naJehovha ndichaitira rudzi rupi norupi rucharega kushandira mambo
weBhabhironi? 14 Regai kuteerera mashoko avaprofita vanoti kwamuri,

‘Hamungashandiri mambo weBhabhironi,’ nokuti vanoprofita nhema
pamusoro penyu. 15 ‘Ini handina kuvatuma,’ ndizvo zvinotaura Jehovha.
‘Vari kuprofita nhema muzita rangu. Naizvozvo, ndichakudzingai,
mugoparara mose imi navaprofita vanoprofita kwamuri.’ ”
16 Ipapo ndakati kuvaprista navanhu vose ava, “Zvanzi naJehovha:
Regai kuteerera vaprofita vanoti, ‘Iye zvino, nokukurumidza, midziyo
yakabviswa mutemberi yaJehovha ichadzoswazve kubva kuBhabhironi.’
Vari kukuprofitirai nhema. 17 Regai kuvateerera. Shandirai mambo
weBhabhironi, mugorarama. Guta rino richaitireiko dongo? 18 Kana
vari vaprofita uye vane shoko raJehovha ngavakumbirise kuna Jehovha,
Wamasimba Ose kuti midziyo yakasara muimba yaJehovha, nomu-
muzinda wamambo weJudha neJerusarema irege kutakurwa ichiendeswa
kuBhabhironi. 19 Nokuti izvi ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose
pamusoro pembiru, neGungwa, napamusoro pezvigadziko zvinofambiswa
nemimwe midziyo yakasara muguta rino, 20 zvisina kutorwa naNebhukad-
hinezari mambo weBhabhironi paakatapa Jehoyakini, mwanakomana
waJehoyakimi mambo weJudha, pamwe chete navakuru vose veJudha ne-
Jerusarema, kubva kuJerusarema achivaendesa kuBhabhironi. 21 Hongu,
zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri, pamusoro pezvinhu
zvakasiyiwa mutemberi yaJehovha nomumuzinda wamambo weJudha
uye nomuJerusarema: 22 ‘Zvichatakurwa zvichiendeswa kuBhabhironi
uye ndiko kwazvichagara kusvikira pazuva randichavavinga,’ ndizvo
zvinotaura Jehovha. ‘Ipapo ndichavadzosa ndigovagarisazve panzvimbo
ino.’ ”

# 28

*Hanania Muprofita Wenhema*

1 Pakutanga kwokubata ushe kwaZedhekia mambo weJudha, mugore
rechina, nomwedzi wechishanu wegore racho iroro, muprofita Hanania
mwanakomana waAzuri, aibva kuGibheoni, akati kwandiri tiri mumba
yaJehovha pamberi pavaprista navanhu vose, 2 “Zvanzi naJehovha Mwari
Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri, ‘Ndichavhuna joko ramambo weBhab-
hironi. 3 Makore maviri asati apera, ndichadzosa kunzvimbo ino midziyo
yose yeimba yaJehovha yakanga yatorwa naNebhukadhinezari mambo
weBhabhironi kubva kuno akaiendesa kuBhabhironi. 4 Ndichadzosazve
kunzvimbo ino Jehoyakini mwanakomana waJehoyakimi mambo weJudha
navose vakatapwa kubva kuJudha, vakaenda kuBhabhironi,’ ndizvo
zvinotaura Jehovha, ‘nokuti ndichavhuna joko ramambo weBhabhironi.’ ”
5 Ipapo muprofita Jeremia akapindura muprofita Hanania pamberi
pavaprista navanhu vose vakanga vamire muimba yaJehovha. 6 Akati,
“Ameni! Jehovha ngaaite izvozvo! Jehovha ngaazadzise mashoko
awakaprofita, nokudzosa midziyo yeimba yaJehovha nevakatapwa vose
kunzvimbo ino vachibva kuBhabhironi. 7 Kunyange zvakadaro, chinzwa
zvandinokutaurira munzeve dzako nomunzeve dzavanhu vose: 8 Kubva
kare, vaprofita vakakutangira iwe neni vakaprofitira nyika zhinji noushe
ukuru pamusoro pehondo, nenjodzi uye denda. 9 Asi muprofita anoprofita
zvorugare ndiye achazivikanwa somunhu akatumwa naJehovha zvechok-
wadi kana chete shoko raakaprofita rikaitika.”
10 Ipapo muprofita Hanania akabvisa joko pamutsipa womuprofita
Jeremia akarivhuna, 11 uye akati, pamberi pavanhu vose, “Zvanzi
naJehovha: ‘Saizvozvi ndichavhuna joko raNebhukadhinezari mambo

weBhabhironi kubva pamutsipa wendudzi dzose makore maviri asati
apera.' " Adaro, muprofita Jeremia akaenda hake.

12 Mushure mokunge muprofita Hanania avhuna joko pamutsipa
waJeremia, shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia richiti, 13 "Enda
unoudza Hanania kuti, 'Zvanzi naJehovha: Wavhuna joko redanda, asi
panzvimbo yaro uchawana joko resimbi. 14 Zvanzi naJehovha Wamasimba
Ose, Mwari weIsraeri, ndichaisa joko resimbi pamitsipa yendudzi idzi
dzose kuti vashandire Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi, uye
vachamushandira. Ndichaita kuti ave nesimba kunyange nepamusoro
pezvikara zvesango.' "

15 Ipapo muprofita Jeremia akati kuna Hanania muprofita, "Inzwa,
Hanania! Jehovha haana kukutuma iwe, asi wakanyengera rudzi urwu
kuti ruvimbe nenhema dzako. 16 Naizvozvo, zvanzi naJehovha, 'Ndava
pedyo nokukubvisa pamusoro penyika. Gore iro rino chairo uchafa,
nokuti wakaparidza zvinomukira Jehovha.' "

17 Mumwedzi wechinomwe wegore racho iroro, muprofita Hanania
akafa.

# 29

*Tsamba kuVatapwa*

1 Zvino aya ndiwo mashoko etsamba yakatumwa nomuprofita Jeremia
kubva kuJerusarema ichienda kuvakuru vakanga vachiri vapenyu pakati
pavatapwa, nokuvaprista navaprofita, navamwe vanhu vose vakanga
vaendeswa kuutapwa kuBhabhironi naNebhukadhinezari vachibviswa
kuJerusarema. 2 (Izvi zvakaitika shure kwokunge Mambo Jehoyakini na-
mai vake, namachinda omuruvazhe rwamambo, navatungamiri veJudha
neJerusarema, navavezi, navapfuri, vaendeswa kuutapwa vachibviswa
kuJerusarema.) 3 Akaendesa tsamba iyi noruoko rwaErasa, mwanako-
mana waShafani, naGemaria mwanakomana waHirikia, avo vakatumwa
naZedhekia mambo waJudha kuna Mambo Nebhukadhinezari kuBhabhi-
roni. Yaiti:

4 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri, kuna
vose vandakaendesa kuutapwa kuBhabhironi vachibva kuJerusarema:
5 "Zvivakirei dzimba mugare; murime mapindu mugodya zvibereko
zvawo. 6 Wananai mugova navanakomana navanasikana; tsvakirai
vanakomana venyu vakadzi uye muwanise vanasikana venyu, kuti
naivowo vave navanakomana navanasikana. Muwande ikoko; mu-
sadzikira pakuwanda. 7 Uyezve, mutsvake rugare nokubudirira kweguta
randakakuendesai kuutapwa. Murinyengeterere kuna Jehovha, nokuti
kana rikabudirira, nemiwo muchabudirira." 8 Nokuti, zvanzi naJehovha
Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri, "Musarega vaprofita navavuki vari
pakati penyu vachikunyengerai. Musateerera kurota kwamunovaku-
rudzira kuti varote. 9 Vanokuprofitirai nhema muzita rangu. Handina
kuvatuma," ndizvo zvinotaura Jehovha.

10 Nokuti zvanzi naJehovha: "Panopera makore makumi manomwe
eBhabhironi, ndichauyazve kwamuri ndigozadzisa zvakanaka zvan-
dakavimbisa kuti ndichakudzoserai kunzvimbo ino. 11 Nokuti ndinoziva
urongwa hwandinahwo pamusoro penyu," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"urongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, urongwa
hunokupai tariro neramangwana rakanaka. 12 Ipapo muchadana

kwandiri uye muchauya kuzonyengetera kwandiri, neni ndichakun-
zwai. [13] Muchanditsvaka mukandiwana, pamunonditsvaka nemwoyo
yenyu yose. [14] Ndichawanikwa nemi," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"uye ndichakudzosai kubva kuutapwa. Ndichakuunganidzai kubva
kundudzi dzose nokunzvimbo dzandakanga ndakudzingirai," ndizvo
zvinotaura Jehovha, "uye ndichakudzoseraizve kunzvimbo yandakanga
ndakubudisai ndichikuendesai kuutapwa."

[15] Imi mungati henyu, "Jehovha akatimutsira vaprofita muBhabhi-
roni," [16] asi zvanzi naJehovha pamusoro pamambo achagara pachi-
garo choushe chaDhavhidhi navanhu vose vanosara vari muguta
rino, vanhu venyika yenyu vasina kuenda nemi kuutapwa, [17] hongu,
zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, "Ndichatuma munondo, nzara
nedenda pamusoro pavo uye ndichavaita samaonde akaipa akaora
zvokuti haangadyiwi. [18] Ndichavatevera nomunondo, nzara nedenda
uye ndichavaita chinhu chinovengwa noushe hwose hwenyika uye
chinhu chinotukwa, nechinotyisa, nechinosekwa, nechinoshorwa pakati
pendudzi dzose kwandakavadzingira. [19] Nokuti havana kuteerera
kumashoko angu," ndizvo zvinotaura Jehovha, "mashoko andakatuma
ndatumazve kwavari navaranda vangu vaprofita. Nemiwo vakatapwa
makaramba kuateerera," ndizvo zvinotaura Jehovha.

[20] Naizvozvo, chinzwai shoko raJehovha, imi mose makatapwa
vandakadzingira kuBhabhironi muchibva kuJerusarema. [21] Zvanzi
naJehovha Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri, pamusoro paAhabhu
mwanakomana waKoraya naZedhekia mwanakomana waMaaseya, vari
kukuprofitirai nhema muzita rangu: "Ndichavaisa muruoko rwaNeb-
hukadhinezari mambo weBhabhironi, uye achavauraya pamberi penyu
muchizviona. [22] Nokuda kwavo, vatapwa vose vakabva kuJudha
vari muBhabhironi vachashandisa chituko ichi: 'Jehovha akuitire sez-
vaakaita kuna Zedhekia naAhabhu avo vakapiswa mumoto namambo
weBhabhironi.' [23] Nokuti vakaita zvinhu zvinonyangadza muIsraeri;
vakaita upombwe navakadzi vavavakidzani vavo uye vakareva nhema
muzita rangu, izvo zvandisina kuvaudza kuti vaite. Ndinozviziva uye
ndiri chapupu chazvo," ndizvo zvinotaura Jehovha.

### *Shoko kuna Shemaya*

[24] Udza Shemaya muNeherami kuti, [25] "Zvanzi naJehovha Wamasimba
Ose, Mwari weIsraeri: Wakatumira matsamba muzita rako kuvanhu vose
vomuJerusarema, kuna Zefania mwanakomana waMaaseya muprista,
nokuna vamwe vaprista vose. Wakati kuna Zefania, [26] 'Jehovha akaku-
gadza kuva muprista panzvimbo yaJehoyadha kuti uve mutariri weimba
yaJehovha; unofanira kuisa muchitokisi nomumangetani munhu upi
zvake anopenga achiita somuprofita. [27] Saka wakaregererei kuranga
Jeremia weAnatoti, anozviti muprofita pakati penyu? [28] Akatuma shoko
iri kwatiri paBhabhironi, achiti: Zvichatora nguva yakareba. Naizvozvo
zvivakirei dzimba mugogara; murime mapindu mugodya zvibereko
zvawo.' "

[29] Uye, Zefania muprista akaverengera muprofita Jeremia tsamba iyi.
[30] Ipapo shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia, richiti, [31] "Tumira
shoko iri kuvatapwa vose, uti, 'Zvanzi naJehovha pamusoro paShemaya,
muNeherami: Nokuti Shemaya akuprofitirai, kunyange ini ndisina kumu-
tuma, uye aita kuti mutende nhema, [32] zvanzi naJehovha: Zvirokwazvo

ndicharanga Shemaya muNeherami nezvizvarwa zvake. Haangavi nomunhu achasara pakati pavanhu ava, kana kuona zvinhu zvakanaka zvandichaitira vanhu vangu, ndizvo zvinotaura Jehovha, nokuti akaparidza zvokundimukira.' "

# 30

*Kuvandudzwa kweIsraeri*

1 Iri ndiro shoko rakauya kuna Jeremia richibva kuna Jehovha richiti, 2 "Zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri, 'Nyora mubhuku mashoko
ose andakakuudza. 3 Mazuva anouya,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'andichadzosa vanhu vangu, vaIsraeri navaJudha kubva kuutapwa. Uye ndichavadzosera kunyika yandakapa madzitateguru avo kuti ive yavo,' ndizvo zvinotaura Jehovha."

4 Aya ndiwo mashoko akataurwa naJehovha pamusoro peIsraeri
neJudha: 5 "Zvanzi naJehovha:

" 'Tinonzwa kuchema kwevanotya,
kwokutyisidzirwa, kwete kworugare.
6 Bvunzai muone:
Ko, murume angagona kusununguka mwana here?
Zvino, seiko ndichiona murume mumwe nomumwe akasimba
akabata padumbu pake namaoko ake somukadzi orwadziwa,
zviso zvose zvachenuruka?
7 Haiwa, zuva iro richatyisa seiko!
Hakuna richafanana naro.
Ichava nguva yaJakobho yokutambudzika,
asi achaponeswa pairi.

8 " 'Pazuva iro,' ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose,
'Ndichavhuna joko pamitsipa yavo
uye ndichadambura zvisungo zvavo;
havachazoitwizve varanda navatorwa.
9 Asi, vachashumira Jehovha Mwari wavo
naDhavhidhi mambo wavo,
iye wandichavamutsira.

10 " 'Saka, usatya, iwe Jakobho muranda wangu;
usavhunduka, iwe Israeri,'
ndizvo zvinotaura Jehovha.
'Zvirokwazvo ndichakuponesa kubva kunyika iri kure,
zvizvarwa zvako kubva kunyika youtapwa hwavo.
Jakobho achavazve norunyararo uye nokuchengetedzeka,
uye hakuna achazomutyisa.
11 Ndinewe uye ndichakuponesa,'
ndizvo zvinotaura Jehovha.
'Kunyange zvazvo ndakaparadza chose ndudzi dzose
dzandakakuparadzira pakati padzo,
handingazokuparadze zvachose iwe.
Ndichakuranga asi nokururamisira chete;
handingakusiyi usina kurangwa zvachose.'

12 "Zvanzi naJehovha:

" 'Ronda rako harirapiki,
kukuvadzwa kwako hakupori.

13 Hakuna anokureverera mhaka yako,
vanga rako harina mushonga,
hapana kuporeswa kwako.
14 Vose vaikuda vakakukanganwa;
havachina hanya newe.
Ndakakurova sezvinoitwa nomuvengi
ndikakuranga sezvinoitwa neano utsinye
nokuti mhosva yako ihuru
uye zvivi zvako zvakawanda.
15 Unochemeiko pamusoro pevanga rako,
nokurwadziswa kwako kusingarapike?
Nokuda kwokukura kwemhaka yako nezvivi zvizhinji
ndakaita zvinhu izvi kwauri.

16 " 'Asi vose vanokudya iwe vachadyiwawo;
vavengi vako vose vachaenda kuutapwa.
Vanokupamba, vachapambwawo;
vose vanokuparadza, ndichavaparadzawo.
17 Asi ndichakudzorera pautano
uye ndichaporesa maronda ako,'
ndizvo zvinotaura Jehovha,
'nokuti iwe wakanzi murashwa,
Zioni zvaro risina ane hanya naro.'
18 "Zvanzi naJehovha:
" 'Ndichadzosazve pfuma yamatende aJakobho
uye ndichanzwira ugaro hwake tsitsi;
guta richavakwazve pamatongo aro,
nomuzinda uchamira panzvimbo yawo yakafanira.
19 Nziyo dzokuvonga dzichabva kwavari
uye nenzwi romufaro.
Ndichawedzera kuwanda kwavo,
uye havangatapudzwi;
ndichavavigira kukudzwa,
uye havangadukupiswi,
20 Vana vavo vachava sepamazuva ekare,
uye ungano yavo ichasimbiswa pamberi pangu;
ndicharanga vose vanovamanikidza.
21 Mutungamiri wavo achava mumwe wokwavo;
anovabata ushe achamutswa pakati pavo.
Ndichamuswededza pedyo uye iye achaswedera pedyo neni,
nokuti ndianiko achazvipira
kuti ave pedyo neni?'
ndizvo zvinotaura Jehovha.
22 'Saka muchava vanhu vangu,
neni ndichava Mwari wenyu.' "

23 Tarirai, dutu raJehovha
richaputika mukutsamwa kwake,
mhepo inovhuvhuta ichimona
pamisoro yavakaipa.
24 Kutsamwa kunotyisa kwaJehovha hakungadzoki,
kusvikira apedza
zvinovavarirwa nomwoyo wake.

Mumazuva anouya
muchanzwisisa izvozvi.

# 31

1 “Panguva iyo,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “ndichava Mwari wa-
marudzi ose aIsraeri, naivo vachava vanhu vangu.”
2 Zvanzi naJehovha:
“Vanhu vakapunyuka pamunondo
vachawana nyasha mugwenga;
ndichauya kuzopa zororo kuna Israeri.”
3 Jehovha akazviratidza kwatiri kare, achiti:
“Ndakakudai norudo rusingaperi;
ndakakukwevai nokunaka kworudo rwangu.
4 Ndichakuvakazve,
ipapo uchavakwa, iwe Mhandara Israeri.
Uchatorazve matambureni ako
ugoenda kundotamba navanofara.
5 Zvakare, muchasima minda yemizambiringa
pamusoro pezvikomo zveSamaria;
varimi vachaisima,
vagofadzwa nezvibereko zvayo.
6 Pachava nezuva richadanidzira nharirire
dziri pamusoro pezvikomo zveEfuremu, dzichiti,
‘Uyai, ngatikwidzei kuZioni,
kuna Jehovha Mwari wedu.’ ”
7 Zvanzi naJehovha:
“Imbirai Jakobho nomufaro;
pururudzirai mukuru wendudzi.
Paridzai, rumbidzai, muchiti,
‘Haiwa Jehovha, ponesai vanhu venyu,
ivo vakasara vaIsraeri.’
8 Tarirai, ndichavauyisa vachibva kunyika yokumusoro,
uye ndigovaunganidza kubva kumigumo yenyika.
Pakati pavo pachava namapofu nezvirema,
navanamai vane pamuviri navakadzi vanorwadziwa;
boka guru richadzoka kuno.
9 Vachauya vachichema;
vachanyengetera pandinenge ndichivadzosa.
Ndichavafambisa nepahova dzemvura,
napanzira yakati chechetere yavasingagumburwi,
nokuti ndiri baba vaIsraeri,
uye Efuremu ndiye dangwe rangu.

10 “Inzwai shoko raJehovha imi ndudzi dzose;
muriparidze kuzviwi zviri kure muchiti:
‘Iye akaparadzira Israeri ndiye achavaunganidza,
uye achavachengeta somufudzi anochengeta boka ramakwai ake.’
11 Nokuti Jehovha achasunungura Jakobho,
uye agovadzikinura kubva muruoko rwaivo vane simba kupinda ivo.
12 Vachauya vachipembera nomufaro pamusoro peZioni;
vachafara nokupa zvakanaka kwaJehovha,
nokuda kwezviyo, newaini itsva uye namafuta,
makwayana nemombe.

Vachafanana nebindu rakanyatsodiridzwa,
uye havachazosuwazve.
13 Ipapo varandakadzi vachatamba uye vachafara,
majaya navatana vachafarawo.
Ndichashandura kuchema kwavo kuti kuve mufaro;
ndichavanyaradza uye ndichavapa mufaro pachinzvimbo chokusuwa.
14 Ndichagutsa vaprista nezvakawanda,
uye vanhu vangu vachazadzwa nokupa zvakanaka kwangu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
15 Zvanzi naJehovha:
"Inzwi rinonzwikwa muRama,
rokuungudza nokuchema kukuru,
Rakeri achichema vana vake
uye achiramba kunyaradzwa,
nokuti vana vake havachipo."
16 Zvanzi naJehovha:
"Dzora inzwi rako pakuchema
nameso ako pamisodzi,
nokuti basa rako richaripirwa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Vachadzoka vachibva kunyika yomuvengi.
17 Saka ramangwana rako rine tariro,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Vana vako vachadzokera kunyika yavo."

18 "Zvirokwazvo ndanzwa kuchema kwaEfuremu achiti:
'Makandirova semhuru isina kupingudzwa,
nokudaro ndakarangwa.
Ndidzorei, ipapo ndichadzoka,
nokuti imi ndimi Jehovha Mwari wangu.
19 Mushure mokutsauka kwangu,
ndakatendeuka;
ndakati ndanzwisisa
ndakazvirova chipfuva.
Ndakanyadziswa uye ndakaninipiswa
nokuti ndakatakura nyadzi dzouduku hwangu.'
20 Ko, Efuremu haasi mwanakomana wangu anodikanwa,
mwana anondifadza here?
Kunyange ndichimupikisa kazhinji,
ndinoramba ndichimurangarira.
Naizvozvo, mwoyo wangu unomushuva;
ndinomunzwira tsitsi kwazvo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

21 "Zvimisirei shongwe dzenzira;
misai zvikwangwani.
Cherechedzai mugwagwa mukuru,
mugwagwa wamunofamba nawo.
Dzoka, iwe Mhandara Israeri,
dzokera kumaguta ako.
22 Uchadzungaira kusvikira rinhiko,
iwe mwanasikana wokusatendeka?
Jehovha achasika chinhu chitsva panyika,

zvokuti mukadzi achambundikira murume."
23 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri: "Pandichavad-
zosazve kubva kuutapwa, vanhu vari munyika yeJudha nomumaguta ayo
vachataurazve mashoko aya okuti, 'Jehovha ngaakuropafadze, iwe ugaro
hwakarurama, iwe gomo dzvene.' 24 Vanhu vachagara pamwe chete
muJudha nomumaguta ayo ose, varimi navaya vanofamba namapoka avo.
25 Ndichasimbisa vanenge vaneta uye ndichagutsa vanenge vaziya."

26 Ipapo ndakamuka ndokuringa-ringa. Ndakanga ndarara zvakanaka.

27 "Mazuva anouya," ndizvo zvinotaura Jehovha, "andichasima muimba
yaIsraeri nomuimba yaJudha zvibereko zvavanhu nezvibereko zvemhuka.
28 Sezvandakavarindira kuti ndidzure, ndikoromore, uye ndiwisire pasi,
ndiparadze, ndiuyise njodzi, saizvozvo ndichavarindira, kuti ndivake
uye ndisime," ndizvo zvinotaura Jehovha. 29 "Mumazuva iwayo vanhu
havangazoti,

" 'Madzibaba akadya mazambiringa anovava,
mazino avana akaita hwadzira.'

30 Asi, mumwe nomumwe achafa nokuda kwezvakaipa zvake; ani naani
anodya mazambiringa anovava, mazino ake achaita hwadzira.

31 "Nguva inouya," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"yandichaita sungano itsva
neimba yaIsraeri
uye neimba yaJudha.
32 Haingazofanani nesungano
yandakaita namadzitateguru avo,
pandakavabata ruoko
kuti ndivabudise munyika yeIjipiti,
nokuti vakaputsa sungano yangu,
kunyange ndakanga ndiri murume kwavari,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
33 "Iyi indiyo sungano yandichaita neimba yaIsraeri
shure kwamazuva iwayo," ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ndichaisa murayiro wangu mundangariro dzavo
uye ndigounyora mumwoyo yavo.
Ndichava Mwari wavo, uye ivo vachava vanhu vangu.
34 Hakuna munhu achadzidzisa muvakidzani wake
kana hama yake, achiti, 'Ziva Jehovha,'
nokuti vose vachandiziva,
kubva kumuduku wavo kusvikira kumukuru,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Nokuti ndichavakanganwira kuipa kwavo,
uye handingarangaririzve zvivi zvavo."

35 Zvanzi naJehovha,
iye anogadza zuva
kuti rivhenekere masikati,
anoisa chirevo kumwedzi nenyeredzi
kuti zvivhenekere usiku,
iye anomutsa gungwa kuti mafungu aro atinhire,
Jehovha Wamasimba Ose, ndiro zita rake:
36 "Kana chete mitemo iyi ikabva pamberi pangu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"ndiko kuti zvizvarwa zvaIsraeri zvigume
kuva rudzi pamberi pangu."

37 Zvanzi naJehovha:

"Kana chete matenga ari kumusoro akagona kuyerwa,
uye nheyo dzenyika dziri pasi dzikagona kunzverwa,
ipapo ndipo pandingarambe zvizvarwa zvaIsraeri
nokuda kwezvose zvavakaita,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
38 "Mazuva anouya," ndizvo zvinotaura Jehovha, "andichavakirazve
guta kubva paShongwe yeHananeri kusvikira paSuo reKona. 39 Rwodzi
rwokuyera ruchatandavara kubva ipapo kusvikira kuchikomo cheGarebhi
ndokudzoka ruchisvika kuGoa. 40 Mupata wose unorasirwa zvitunha
namadota, neminda yose kusvikira kuMupata weKidhironi kumabvazuva
kusvikira kukona reSuo raMabhiza, zvichava zvitsvene kuna Jehovha.
Guta harichazombodzurwi kana kuparadzwazve."

# 32

*Jeremia anotenga Munda*
1 Iri ndiro shoko rakauya kuna Jeremia richibva kuna Jehovha mu-
gore regumi raZedhekia mambo weJudha, riri gore regumi namasere
raNebhukadhinezari. 2 Hondo yamambo Nebhukadhinezari yakanga
yakakomberedza Jerusarema, uye Jeremia muprofita akanga akapfigirwa
muruvazhe rwavarindi rwakanga rwuri mumuzinda wamambo weJudha.
3 Zvino Zedhekia mambo weJudha akanga amupfigira imomo, achiti,
"Unoprofitirei sezvaunoita? Unoti, 'Zvanzi naJehovha: Ndava kuda kuisa
guta rino mumaoko amambo weBhabhironi, uye acharipamba. 4 Zedhekia
mambo weJudha haangapukunyuki pamaoko avaBhabhironi, asi zvi-
rokwazvo achaiswa muruoko rwamambo weBhabhironi, vagotaurirana
vakatarisana chiso nechiso achimuona nameso ake. 5 Iye achaendesa Zed-
hekia kuBhabhironi, kwaachagara kusvikira ndagadzirisana naye, ndizvo
zvinotaura Jehovha. Kana ukarwa navaBhabhironi haungavakundi.' "
6 Jeremia akati, "Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti:
7 Hanameri mwanakomana wasekuru vako Sharumi achauya kwauri
achiti, 'Tenga munda wangu uri paAnatoti, nokuti sezvo uriwe hama
yepedyo, ndiwe une kodzero yokuutenga.'
8 "Ipapo, sokutaura kwakanga kwaita Jehovha, sekuru wangu Hanameri
akauya kwandiri ndiri muruvazhe rwavarindi akati, 'Tenga munda wangu
uri paAnatoti munyika yeBhenjamini. Chizvitengera iwe kuti uve wako
sezvo uriwe une kodzero yokuudzikinura.'
"Ndakazviziva kuti iri raiva shoko raJehovha; 9 saka ndakatenga munda
waiva paAnatoti kubva kuna sekuru vangu Hanameri ndokumuyer-
era mashekeri gumi namanomwe* esirivha. 10 Ndakanyora rugwaro
rwokutenga ndikarunama, ndikaita kuti pave nezvapupu, ndikamuyerera
sirivha pazviyero. 11 Ndakatora gwaro rokutengeserana, riya rakanga
rakanamwa riine mirayiro nezvimwe, pamwe chete neriya rakanga
risina kunamwa, 12 ndokupa gwaro iri kuna Bharuki mwanakomana
waNeria, mwanakomana waMaseya, pamberi paHanameri mwanako-
mana wasekuru vangu napamberi pezvapupu zvakanga zvaisa runyoro
pagwaro rokutengeserana, napamberi pavaJudha vose vakanga vagere
muruvazhe rwavarindi.
13 "Ndakarayira Bharuki pamberi pavo, ndichiti, 14 'Zvanzi naJehovha
Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri: Tora magwaro aya, okutengeserana
ari maviri akanamwa neasina kunamwa, ugoisa muhari yevhu kuitira

* **32:9** 32:9 magiramu angaita 200

kuti agare kwamazuva mazhinji. 15 Nokuti zvanzi naJehovha, Wamasimba
Ose, Mwari waIsraeri: Dzimba, minda, uye minda yemizambiringa
zvichatengwazve munyika ino.'

16 "Mushure mokunge ndapa Bharuki mwanakomana waNeria gwaro
rokutengeserana, ndakanyengetera kuna Jehovha, ndichiti:

> 17 "Haiwa, Ishe Jehovha, ndimi makaita matenga nenyika nesimba
> renyu guru noruoko rwenyu rwakatambanudzwa. Hakuna chinhu
> chakaoma kwamuri. 18 Imi munoratidza rudo rwenyu kuzviuru
> nezviuru asi muchiuyisa shamhu yezvivi zvamadzibaba pamakumbo
> avana vavo vanovatevera. Haiwa imi Mwari mukuru ane simba guru,
> mune zita rinonzi Jehovha Wamasimba Ose, 19 zvinangwa zvenyu
> zvikuru uye mabasa enyu makuru. Meso enyu akasvinurira nzira dzose
> dzavanhu; munopa mumwe nomumwe zvakafanira mafambiro ake uye
> nezvakafanira mabasa ake. 20 Makaita zviratidzo nezvishamiso muIjipiti
> uye mukaramba muchizviita kusvikira pazuva ranhasi, pakati peIsraeri
> napakati pendudzi dzimwe dzose, uye mukazviwanira mukurumbira
> sezvazvakaita nanhasi. 21 Makabudisa vanhu venyu veIsraeri kubva
> muIjipiti nezviratidzo nezvishamiso, noruoko rune simba uye noruoko
> rwakatambanudzwa, uye nokutyisa kukuru. 22 Makavapa nyika ino
> yamakanga mapikira kupa madzibaba avo, nyika inoyerera mukaka
> nouchi. 23 Vakapinda vakaitora kuti ive yavo, asi havana kukuteererai
> kana kutevera murayiro wenyu; havana kuita zvamakanga mavarayira
> kuti vaite. Saka makauyisa njodzi yose iyi pamusoro pavo.
>
> 24 "Tarirai mavakirwo ari kuitwa mirwi yokukomba kuti vatore guta.
> Nokuda kwomunondo, nenzara uye denda, guta richaiswa mumaoko
> avaBhabhironi vari kurirwisa. Zvamakataura zvaitika sezvamuri kuona
> zvino. 25 Kunyange hazvo guta rino richizoiswa mumaoko avaBhabhi-
> roni, imi, Ishe Jehovha makati kwandiri, 'Zvitengere munda nesirivha
> uye uite kuti zvapupu zvivepo pakutengeserana uku.' "

26 Ipapo shoko raJehovha rakauya kuna Jeremia, richiti, 27 "Ndini
Jehovha, Mwari wavanhu vose. Ko, pane chinhu chingandiomera
here? 28 Naizvozvo zvanzi naJehovha: ndava pedyo nokuisa guta
rino mumaoko avaBhabhironi, nokuna Nebhukadhinezari mambo weB-
habhironi, uyo acharikunda. 29 VaBhabhironi vari kurwisa guta rino
vachauya vagopinda vagoritungidza nomoto; vacharipisa, pamwe chete
nedzimba dzavanhu vakanditsamwisa nokupisira zvinonhuhwira kuna
Bhaari pamusoro pamatenga adzo uye nokudururira zvipiriso zvokunwa
kuna vamwe vamwari.

30 "Vanhu veIsraeri navanhu veJudha havana kugona kuita chinhu
chakanaka asi zvakaipa chete pamberi pangu kubva pauduku hwavo;
zvirokwazvo vanhu veIsraeri havana kumbogona kuita zvakanaka asi
vakanditsamwisa nezvavakaita namaoko avo, ndizvo zvinotaura Jehovha.
31 Kubva pazuva rakavakwa guta rino kusvikira zvino, guta rino
rakamutsa hasha dzangu nokunditsamwisa zvikuru zvokuti ndinofanira
kuribvisa pamberi pangu. 32 Vanhu veIsraeri navanhu veJudha vakan-
ditsamwisa nezvakaipa zvose zvavakaita, ivo namadzimambo avo, na-
machinda avo, navaprista vavo, navaprofita vavo, ivo vanhu veJudha na-
vanhu veJerusarema. 33 Vakandifuratira uye havana kunditarisa nezviso
zvavo; kunyange ndakavadzidzisa ndadzidzisazve, havana kuteerera
kana kutsiurika. 34 Vakaisa zvifananidzo zvavo zvinonyangadza mumba
yakatumidzwa Zita rangu vakaisvibisa. 35 Vakavakira Bhaari nzvimbo
dzakakwirira muMupata weBheni Hinomi kuti vabayire vanakomana

navanasikana vavo kuna Moreki, kunyange ndisina kuvarayira, kana kuzviisa mupfungwa dzangu, kuti vaite chinhu chinonyangadza zvakadai, nokudaro vagoita kuti Judha itadze.

36 "Imi munotaura pamusoro peguta rino muchiti, 'Guta rino richaiswa muruoko rwamambo weBhabhironi, nomunondo, nenzara, uye nedenda'; zvanzi naJehovha, Mwari weIsraeri: 37 Zvirokwazvo ndichavaunganidza
kubva kunyika dzose dzandakanga ndavadzingira pakutsamwa kwangu kukuru nehasha dzangu huru; ndichavadzosazve kunzvimbo ino ndigovagarisa zvakanaka. 38 Vachava vanhu vangu, ini ndichava Mwari wavo.
39 Ndichavapa mwoyo mumwe namaitiro mamwe, kuitira kuti vagare vachinditya zvigovanakira ivo navana vavo vanovatevera. 40 Ndichaita
sungano isingaperi navo: handingatongomiri pakuvaitira zvakanaka uye ndichavakurudzira kuti vanditye, kuitira kuti varege kuzotsauka kubva kwandiri. 41 Ndichafarira kuvaitira zvakanaka uye zvirokwazvo
ndichavasima munyika ino, nomwoyo wangu wose uye nomweya wangu wose.

42 "Zvanzi naJehovha: Sezvandakauyisa njodzi huru yose iyi pamusoro pavanhu ava, saizvozvo ndichavapa kubudirira kwose kwandakavavimbisa. 43 Zvakare, minda ichatengwa munyika ino yamunoti, 'Idongo, haina vanhu kana zvipfuwo, nokuti yakaiswa mumaoko avaBhabhironi.'
44 Minda ichatengwa nesirivha, uye magwaro okutengeserana achanyorwa, agonamwa uye agopupurirwa munyika yeBhenjamini, mumisha yakapoteredza Jerusarema, nomumaguta eJudha nomumaguta omunyika yezvikomo, nomujinga mezvikomo zvokumavirira, nokuNegevhi, nokuti ndichadzosazve pfuma yavo, ndizvo zvinotaura Jehovha."

# 33

*Chivimbiso choKudzoredzanisa*

1 Shoko raJehovha rakasvika kechipiri kuna Jeremia panguva yaakanga
akapfigirwa muruvazhe rwavarindi richiti, 2 "Zvanzi naJehovha, iye akaita
nyika, naiye akaiumba uye akaisimbisa, Jehovha ndiro zita rake, 3 'Danai
kwandiri uye ndichakupindurai uye ndichakuudzai zvinhu zvikuru zvakavanzika zvamusingazivi.' 4 Nokuti zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri, pamusoro pedzimba dziri muguta rino uye nomuzinda wamadzimambo eJudha zvakakoromorerwa pasi kuti zvishandiswe pakuputsa mirwi
yakakomba guta neminondo, 5 mukurwisana navaBhabhironi, 'Zvichazadzwa nezvitunha zvavanhu vandichauraya pakutsamwa kwangu nehasha dzangu. Ndichavanzira guta rino chiso changu nokuda kwokuipa kwaro kwose.

6 " 'Kunyange zvakadaro hazvo, ndicharivigira utano nokurapwa; ndicharapa vanhu vangu uye ndichaita kuti vave norugare rwakawanda
uye nokuchengetedzeka. 7 Ndichabvisazve Judha neIsraeri norugare kubva kuutapwa ndivavakezve sepakutanga. 8 Ndichavanatsa
pachivi chose chavakanditadzira ndigovakanganwira zvivi zvavo zvose
zvokundimukira. 9 Ipapo guta rino richandivigira mukurumbira, mufaro, kurumbidzwa nokukudzwa pamberi pendudzi dzose dzepanyika dzinonzwa zvakanaka zvose zvandinoriitira; dzichatya uye dzichadedera nokuda kwokukura kwokubudirira norugare rwandinoripa.'

10 "Zvanzi naJehovha: 'Munoti pamusoro penzvimbo ino, "Yaparara, haina vanhu vanogaramo kana mhuka dzinogaramo." Asi mumaguta

eJudha nomumigwagwa yeJerusarema makasiyiwa musina chinhu, musis-
agarwi navanhu kana nemhuka, muchanzwikwazve [11] manzwi nomufaro
nokufarisisa, namanzwi emwenga nechikomba, namanzwi avaya vanouya
nezvipo zvokuvonga kuimba yaJehovha, vachiti,
" ' "Vongai Jehovha Wamasimba Ose,
nokuti Jehovha akanaka;
rudo rwake runogara nokusingaperi."
Nokuti ndichadzosazve pfuma yenyika iyi sezvayaiva iri kare,' ndizvo
zvinotaura Jehovha.

[12] "Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, 'Munzvimbo ino, yakaparara uye
isina vanhu kana mhuka, mumaguta ayo ose aripo muchava namafuro
avafudzi okuvatisa makwai avo. [13] Mumaguta enyika yezvikomo, neemu-
jinga mezvikomo zvokumavirira neokuNegevhi, munyika yaBhenjamini,
nomumisha yakapoteredza Jerusarema nomumaguta eJudha, makwai
achapfuurazve napasi poruoko rwounoaverenga,' ndizvo zvinotaura Je-
hovha.

[14] " 'Mazuva anouya,' ndizvo zvinotaura Jehovha, andichazadzisa
chivimbiso chenyasha chandakaita kuimba yaIsraeri nokuimba yaJudha.
[15] " 'Mumazuva iwayo uye nenguva iyoyo
ndichameresa Davi rakarurama rinobva kurudzi rwaDhavhidhi;
iye achatonga nyika nokururamisira uye nokururama.
[16] Mumazuva iwayo Judha achaponeswa,
uye Jerusarema richagara rakachengetedzeka.
Iri ndiro zita rarichatumidzwa:
Jehovha Ndiye Kururama Kwedu.'
[17] Nokuti zvanzi naJehovha: 'Dhavhidhi haangatongoshayiwi munhu
angagara pachigaro choushe cheimba yaIsraeri, [18] Kana vaprista, vorudzi
rwaRevhi, havangashayiwi munhu angamira pamberi pangu nguva dzose
kuti apisire zvipiriso, apisire zvipiriso zvezviyo uye ape zvibayiro.' "

[19] Shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia, richiti: [20] "Zvanzi na-
Jehovha: 'Kana mukagona kuputsa sungano yangu namasikati uye
nesungano yangu nousiku, zvokuti masikati nousiku zvirege kuvapo nen-
guva yakatarwa, [21] ipapo sungano yangu naDhavhidhi muranda wangu,
nesungano yangu navaRevhi avo vanova vaprista vanoshumira pamberi
pangu, ingagona kuputsika uye Dhavhidhi haangazovizve nomwanako-
mana angatonga ari pachigaro chake choushe. [22] Ndichawanza vana
vomuranda wangu Dhavhidhi navaRevhi vanoshumira pamberi pangu
zvokusaverengeka senyeredzi dzedenga uye zvokusagona kuyerwa se-
jecha regungwa.' "

[23] Shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia, richiti, [24] "Hauna
kucherechedza here kuti vanhu ava vanoti, 'Jehovha akaramba umambo
hwose huri huviri hwaakanga asarudza'? Saka vari kushora vanhu
vangu nokusavaona sorudzi. [25] Zvanzi naJehovha: 'Kana ndikasasimbisa
sungano yangu namasikati nousiku nemitemo yakatemwa yematenga
napasi, [26] ipapo ndicharamba vana vaJakobho naDhavhidhi muranda
wangu uye handingasarudzi mumwe wavanakomana vake kuti abate ushe
pamusoro pavana vaAbhurahama, Isaka naJakobho. Nokuti ndichadzosa
nhaka yavo uye ndichavanzwira tsitsi.' "

# 34

*Zedhekia anoyambirwa*

1 Shoko iri rakasvika kuna Jeremia richibva kuna Jehovha, panguva
iyo Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi nehondo yake yose, noushe
hwose hwapanyika hwaakanga akabata, navanhu vose vakanga vachirwa
neJerusarema namaguta ose akanga akaripoteredza, richiti, 2 "Zvanzi
naJehovha, Mwari waIsraeri: Enda kuna Zedhekia mambo weJudha
umuudze kuti, 'Zvanzi naJehovha: Ndava pedyo nokuisa guta rino
muruoko rwamambo weBhabhironi, uye acharipisa. 3 Iwe haungapukun-
yuki muruoko rwake asi zvirokwazvo uchabatwa ugoiswa mumaoko
ake. Uchaona mambo weBhabhironi nameso ako, uye achataura newe
makatarisana. Uye iwe uchaenda kuBhabhironi.

4 " 'Asi chinzwa chivimbiso chaJehovha, iwe Zedhekia mambo weJudha.
Zvanzi naJehovha pamusoro pako iwe: Haungafi nomunondo; 5 uchafa
murunyararo. Vanhu sezvavakavesa moto pamariro vachiremekedza
madzibaba ako, iwo madzimambo akare akakutangira, saizvozvo
vachavesa moto vachikuremekedza vagochema vachiti, "Yowe-e, nhai
tenzi!" Ndini pachangu ndavimbisa izvi, ndizvo zvinotaura Jehovha.' "

6 Ipapo muprofita Jeremia akataurira Zedhekia mambo weJudha zvose
izvi, ari muJerusarema, 7 hondo yamambo weBhabhironi payakanga
ichirwa neJerusarema namamwe maguta eJudha akanga achakashin-
girira, Rakishi neAzeka. Aya ndiwo chete maguta akanga asara muJudha
akakomberedzwa namasvingo.

### *Kusunungurwa kweNhapwa*

8 Shoko rakasvika kuna Jeremia richibva kuna Jehovha mushure
mokunge Mambo Zedhekia aita sungano navanhu vose vemuJerusarema
kuti vadanidzire kusunungurwa kwenhapwa. 9 Mumwe nomumwe
aifanira kusunungura varanda vake vechiHebheru, vose varume
navakadzi; hakuna aifanira kurega hama yake yechiJudha iri pausungwa.
10 Saka machinda ose navanhu vose vakapinda pasungano iyi, vakaten-
derana ndokuvasunungura. 11 Asi mushure maizvozvo vakashandura
pfungwa dzavo, vakadzosa nhapwa dzavakanga vasunungura ndokuvaita
varanda zvakare.

12 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia, richiti, 13 "Zvanzi
naJehovha, Mwari weIsraeri: Ndakaita sungano namadzitateguru enyu
pandakavabudisa kubva muIjipiti, munyika youranda. Ndakati, 14 'Gore
rechinomwe roga roga, mumwe nomumwe wenyu anofanira kusunun-
gura hama ipi zvayo yechiHebheru yakazvitengesa kwaari. Mushure
mokukushandira makore matanhatu, unofanira kumurega aende.' Kun-
yange zvakadaro, madzibaba enyu haana kunditeerera kana kundirerek-
era nzeve dzavo. 15 Munguva shoma yakapfuura, makatendeuka mukaita
zvakanaka pamberi pangu: Mumwe nomumwe wenyu akadanidzira
rusununguko kuvanhu venyika yokwake. Makabva maita sungano
pamberi pangu muimba inodanwa neZita rangu. 16 Asi zvino mashanduka
ndokuzvidza zita rangu; mumwe nomumwe wenyu adzosa nhapwa
dzavarume navakadzi vamakanga masunungura kuti vaende kwavaida.
Mavamanikidza kuti vave nhapwa dzenyu zvakare.

17 "Naizvozvo zvanzi naJehovha: Hamuna kunditeerera; hamuna
kudanidzira rusununguko kuvanhu venyika yokwenyu. Saka, zvino
ini ndava kukudanidzirai rusununguko, ndizvo zvinotaura Jehovha,
'rusununguko' rwokufa nomunondo, nenzara uye nedenda. Ndichakuitai
chinhu chinonyangadza kuushe hwose hwenyika. 18 Varume vakadarika
sungano yangu uye vakasazadzisa zvakatemwa zvesungano yavakaita

pamberi pangu, ndichavaita semhuru yavakagura kuita mapandi maviri
vakafamba napakati pamapandi acho. [19] Vatungamiri veJudha ne-
Jerusarema, namachinda omuruvazhe, navaprista navanhu vose venyika
vakafamba napakati pamapandi emhuru, [20] Ndichavaisa mumaoko
avavengi vavo vanotsvaka kuvauraya. Zvitunha zvavo zvichava zvokudya
zveshiri dzedenga nezvikara zvenyika.

[21] "Ndichaisa Zedhekia mambo weJudha namachinda ake mumaoko
avavengi vavo avo vanotsvaka kuvauraya, nomumaoko ehondo yamambo
weBhabhironi, iyo yakabva kwamuri. [22] Ndicharayira, ndizvo zvinotaura
Jehovha, uye ndichavadzosa kuguta rino. Vacharwa naro, vagorikunda,
uye vagoripisa. Uye ndichaparadza maguta eJudha, zvokuti hakuna
angagaramo."

# 35

*VaRekabhi vanorumbidzwa*

[1] Iri ndiro shoko rakasvika kuna Jeremia richibva kuna Jehovha
pamazuva okutonga kwaJehoyakimi, mwanakomana waJosia mambo
weJudha, richiti, [2] "Enda kumhuri yavaRekabhi undovakoka kuti vauye
mune rimwe kamuri raparutivi rweimba yaJehovha ugovapa waini
vanwe."

[3] Saka ndakaenda ndikandotora Jaazania mwanakomana waJeremia,
mwanakomana waHabhazinia, nehama dzake navakomana vake vose,
mhuri yose yavaRekabhi. [4] Ndakavapinza mumba maJehovha, mukamuri
ravanakomana vaHanani mwanakomana waIgidharia munhu waMwari.
Yakanga iri pedyo nekamuri ramachinda, rakanga riri pamusoro pera-
Maaseya mwanakomana waSharumi, mutariri womukova. [5] Ipapo ndak-
agadzika hari dzizere newaini nemikombe pamberi pavarume vemhuri
yavaRekabhi ndikati kwavari, "Inwai waini."

[6] Asi ivo vakapindura vakati, "Hatinwi waini, nokuti tateguru wedu
Jonadhabhi mwanakomana waRekabhi akatipa murayiro uyu wokuti,
'Imi kana vana venyu hamufaniri kunwa waini zvachose. [7] Zvakare,
hamufaniri kutombovaka dzimba, kana kudyara mbeu kana kurima
minda yemizambiringa; hamufaniri kuva nechimwe chezvinhu izvi,
asi munofanira kugara mumatende nguva dzose. Ipapo muchararama
mazuva akawanda munyika iyo yamuri vatorwa.' [8] Takateerera zvose
zvatakarayirwa natateguru wedu Jonadhabhi mwanakomana waRekabhi.
Hapana akambonwa waini, isu kana vakadzi vedu, kana vanakomana
vedu, kana vanasikana vedu, [9] kana kuvaka dzimba dzokugara, kana
kuva neminda yemizambiringa, kana minda, kana mbeu. [10] Takagara
mumatende uye takanyatsoteerera zvose zvatakarayirwa natateguru
wedu Jonadhabhi. [11] Asi Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi akati
apinda munyika ino, isu takati, 'Uyai, tiende kuJerusarema titize hondo
yavaBhabhironi neyavaAramu.' Saka takaramba tiri muJerusarema."

[12] Ipapo shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia, richiti, [13] "Zvanzi
naJehovha, Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: Enda unoudza varume
veJudha navanhu veJerusarema kuti, 'Hamudzidziwo chidzidzo here
mugoteerera mashoko angu?' ndizvo zvinotaura Jehovha. [14] 'Jonadhabhi
mwanakomana waRekabhi akarayira vanakomana vake kuti varege
kunwa waini uye murayiro uyu wanga uchingochengetwa. Kusvikira zuva
ranhasi havanwi waini, nokuti vanoteerera murayiro watateguru wavo.
Asi ini ndakataura ndataurazve nemi, asi hamuna kunditeerera. [15] Ini

ndakatuma ndatumazve kwamuri varanda vangu vose ivo vaprofita. Ivo
vakati kwamuri, "Mumwe nomumwe wenyu anofanira kudzoka panzira
dzakaipa dzake dzose mugonatsa zviito zvenyu; murege kutevera vamwe
vamwari kuti muvashumire. Ipapo muchagara munyika yandakakupai
imi namadzibaba enyu." Asi hamuna kumborerekera nzeve dzenyu
kwandiri kana kundinzwa. 16 Zvizvarwa zvaJonadhabhi mwanakomana
waRekabhi vakachengeta murayiro wavakapiwa natateguru wavo, asi
vanhu ava havana kunditeerera.'

17 "Naizvozvo, zvanzi naJehovha Mwari Wamasimba Ose, Mwari
weIsraeri: 'Inzwai! Ndava kuuyisa pamusoro peJudha napamusoro
pavose vagere muJerusarema njodzi dzose dzandakareva pamusoro pavo.
Ndakataura kwavari, asi havana kuteerera; ndakavadana, asi havana
kudavira.' "

18 Ipapo Jeremia akati kumhuri yavaRekabhi, "Zvanzi naJehovha
Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: 'Makateerera murayiro watateguru
wenyu Jonadhabhi, mukatevera zvaakarayira zvose uye mukaita zvose
zvaakatema.' 19 Naizvozvo, zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari
waIsraeri: 'Jonadhabhi mwanakomana waRekabhi haangamboshayiwi
munhu angandishumira.' "

# 36

*Jehoyakimi anopisa Gwaro raJeremia*

1 Mugore rechina raJehoyakimi mwanakomana waJosia mambo
weJudha, shoko iri rakauya kuna Jeremia richibva kuna Jehovha, ri-
chiti, 2 "Tora rugwaro rwakapetwa unyoremo mashoko ose andakataura
kwauri pamusoro peIsraeri, napamusoro peJudha nedzimwe ndudzi
dzose kubvira panguva yandakatanga kutaura kwauri panguva yokutonga
kwaJosia kusvikira iye zvino. 3 Zvimwe vanhu veJudha vakanzwa
pamusoro penjodzi imwe neimwe yandakaronga kuisa pamusoro pavo,
vangadzoka mumwe nomumwe wavo kubva pazvakaipa zvake; ipapo
ndichavakanganwira zvakaipa zvavo nechivi chavo."

4 Saka Jeremia akadana Bharuki mwanakomana waNeria, naJeremia,
paaimuverengera mashoko ose akanga ataurwa naJehovha kwaari,
Bharuki ainge achianyora murugwaro rwakapetwa. 5 Ipapo Jeremia
akataurira Bharuki kuti, "Ini ndakadziviswa, handigoni kuenda kutemberi
yaJehovha. 6 Saka iwe enda kuimba yaJehovha pazuva rokutsanya undov-
erengera vanhu mashoko aJehovha awakanyora murugwaro rwakapetwa
ini ndichikutaurira. Uverengere vanhu vose veJudha vanouya vachibva
kumaguta avo. 7 Zvimwe vanganyengetera kuna Jehovha uye mumwe no-
mumwe wavo akadzoka kubva panzira dzake dzakaipa, nokuti kutsamwa
nehasha dzakarehwa naJehovha pamusoro pavanhu ava kukuru."

8 Bharuki mwanakomana waNeria akaita zvose zvaakataurirwa
nomuprofita Jeremia kuti aite; akaverenga mashoko aJehovha kubva
murugwaro rwakapetwa, ari patemberi yaJehovha. 9 Mumwedzi wep-
fumbamwe wegore rechishanu raJehoyakimi mwanakomana waJosia
mambo weJudha, nguva yokutsanya pamberi paJehovha yakadanidzirwa
kuvanhu vose muJerusarema navose vakanga vabva kumaguta eJudha.
10 Bharuki akaverengera vanhu vose mashoko aJeremia aiva murugwaro
rwakapetwa, ari mumba maJehovha, mukamuri raGemaria mwanako-
mana waShafani munyori, raiva muruvazhe rwokumusoro pamuromo
weSuo Idzva retemberi yaJehovha.

11 Mikaya mwanakomana waGemaria, mwanakomana waShafani,
akati anzwa mashoko ose aJehovha aibva murugwaro rwakapetwa,
12 akaburuka akaenda kukamuri romunyori mumuzinda wamambo,
makanga mugere machinda ose, aiti: Erishama munyori, Dher-
aya mwanakomana waShemaya, Erinatani mwanakomana waAkibhori,
Gemaria mwanakomana waShafani, Zedhekia mwanakomana waHana-
nia, nemamwe machinda ose. 13 Mushure mokunge Mikaya avaudza
zvose zvaakanga anzwa Bharuki achiverengera vanhu kubva murugwaro
rwakapetwa, 14 machinda ose akatuma Jehudhi mwanakomana waNe-
tamia, mwanakomana waSheremia, mwanakomana waKushi, kundoti
kuna Bharuki, "Tora rugwaro rwakapetwa rwawaverengera vanhu,
ugouya kuno." Saka Bharuki mwanakomana waNeria akaenda kwavari
norugwaro rwakapetwa muruoko rwake. 15 Ivo vakati kwaari, "Tapota,
gara pasi utiverengerewo."

Saka Bharuki akavaverengera. 16 Vakati vanzwa mashoko ose
aya, vakatarisana vachitya ndokuti kuna Bharuki, "Tinofanira kuzivisa
mashoko ose aya kuna mambo." 17 Ipapo vakabvunza Bharuki, vakati,
"Tiudze, wakanyora sei izvi zvose? Jeremia ndiye akakutaurira here?"

18 Bharuki akapindura akati, "Hongu, akanditaurira mashoko ose aya,
ini ndikaanyora neingi murugwaro rwakapetwa."

19 Ipapo machinda akati kuna Bharuki, "Iwe naJeremia endai muno-
vanda. Ngakurege kuva nomunhu anoziva kwamunenge muri."

20 Vakati vaisa rugwaro rwakapetwa mukamuri yomunyori Er-
ishama, vakaenda kuna mambo muruvazhe ndokumuzivisa mashoko ose.
21 Mambo akatuma Jehudhi kundotora rugwaro rwakapetwa, Jehudhi
ndokurutora mukamuri yaErishama munyori ndokuverengera mambo
namachinda ose akanga amire parutivi rwake. 22 Wakanga uri mwedzi
wepfumbamwe uye mambo akanga akagara muimba yakavakirwa nguva
yechando, moto uchipfuta mumbaura yaiva pamberi pake. 23 Jehudhi
aiti kana apedza kuverenga zvikamu zvitatu kana zvina zvorugwaro
rwakapetwa, mambo aibva azvicheka nebanga ozvikanda mumbaura,
kusvikira gwaro rose rapiswa mumoto. 24 Mambo navaranda vake
vose vakanzwa mashoko aya ose havana kumboratidza kutya, kana
kubvarura nguo dzavo. 25 Kunyange hazvo Erinatani, Dheraya, naGemaria
vakakurudzira mambo kuti arege kupisa rugwaro rwakapetwa haana
kuda kuvanzwa. 26 Pachinzvimbo chezvo, mambo akarayira Jerameeri,
mwanakomana wamambo, naSeraya mwanakomana waAzirieri naSh-
eremia mwanakomana waAbhudhieri kuti asunge Bharuki munyori
naJeremia muprofita. Asi Jehovha akanga avaviga.

27 Mambo akati apisa rugwaro rwakapetwa rwaiva namashoko akanga
anyorwa naBharuki achitaurirwa naJeremia, shoko raJehovha rakasvika
kuna Jeremia, richiti, 28 "Tora rumwe rugwaro rwakapetwa unyore
pamusoro parwo mashoko ose akanga ari parugwaro rwokutanga rwuya
rwakapiswa naJehoyakimi mambo weJudha. 29 Uyezve uudze Jehoyakimi
mambo weJudha, kuti, 'Zvanzi naJehovha: Wakapisa rugwaro rwuya
uchiti, "Wakanyorerei parwuri uchiti zvirokwazvo mambo weBhabhironi
achauya kuzoparadza nyika ino nokuparadza zvose vanhu nezvipfuwo?"
30 Naizvozvo, zvanzi naJehovha pamusoro paJehoyakimi mambo weJudha:
Haangawani mumwe achagara pachigaro choushe chaDhavhidhi; mu-
tumbi wake uchakandwa kunze kunopisa masikati uye kune chando usiku.
31 Ndichamuranga navana vake uye navaranda vake nokuda kwezvakaipa
zvavo; ndichauyisa pamusoro pavo navose vanogara muJerusarema

navanhu veJudha njodzi imwe neimwe yandakareva pamusoro pavo,
nokuti havana kuteerera.' "
32 Saka Jeremia akatora rumwe rugwaro rwakapetwa ndokurupa kuna
Bharuki munyori, mwanakomana waNeria, Bharuki ndokunyora pamu-
soro parwo mashoko ose orugwaro rwakanga rwapiswa naJehoyakimi,
mambo weJudha, Jeremia achimutaurira. Mashoko akawanda akafanana
nawo akawedzerwa.

# 37

*Jeremia anopfigirwa muTorongo*

1 Zedhekia mwanakomana waJosia akagadzwa kuva mambo weJudha
naNebhukadhinezari mambo weBhabhironi; iye akabata ushe panzvimbo
yaJehoyakini mwanakomana waJehoyakimi. 2 Asi iye kana varanda vake
kana vanhu venyika iyoyo, havana kuteerera mashoko akanga ataurwa
naJehovha kubudikidza naJeremia muprofita.
3 Kunyange zvakadaro, mambo Zedhekia akatuma Jehukari mwanako-
mana waSheremia, nomuprista Zefania mwanakomana waMaaseya kuna
Jeremia muprofita namashoko aya: "Ndapota tinyengetererewo kuna
Jehovha Mwari wedu."
4 Zvino Jeremia akanga akasununguka kupinda nokubuda pakati pa-
vanhu, nokuti akanga asati apfigirwa mutorongo. 5 Hondo yaFaro
yakanga yauya ichibva kuIjipiti, zvino vaBhabhironi vakanga vakakomba
Jerusarema vakati vanzwa shoko pamusoro pavo, vakabva paJerusarema.
6 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia muprofita, richiti,
7 "Zvanzi naJehovha, Mwari weIsraeri: Udza mambo weJudha, iye
akakutuma kuzondibvunza, kuti, 'Hondo yaFaro yakauya kuzokubatsirai,
ichadzokera kuIjipiti kunyika yavo. 8 Ipapo vaBhabhironi vachadzokazve
vagorwisa guta rino; vacharikunda uye vacharipisa nomoto.'
9 "Zvanzi naJehovha: Musazvinyengera muchifunga kuti, 'Zvirokwazvo
vaBhabhironi vachabva kwatiri.' Kwete, havangabvi! 10 Kunyange dai
mungakunda hondo yose yavaBhabhironi iri kukurwisai uye kugosara
vakakuvara bedzi mumatende, ivavo vachauya vagopisa guta rino."
11 Shure kwokubva kwehondo yavaBhabhironi muJerusarema nokuda
kwehondo yaFaro, 12 Jeremia akatanga kubuda muguta kuti aende kunyika
yeBhenjamini kundotora mugove wake wenhaka pakati pavanhu ikoko.
13 Asi akati asvika paSuo raBhenjamini, mukuru wavarindi, ainzi Irija
mwanakomana waSheremia, mwanakomana waHanania, akamusunga
ndokuti, "Iwe wava kutiza uchienda kuvaBhabhironi!"
14 Jeremia akati, "Handizvo, kwete! Handizi kutiza ndichienda kuvaB-
habhironi!" Asi Irija haana kuda kumunzwa; asi akasunga Jeremia
ndokumuendesa kumachinda. 15 Ivo vakatsamwira Jeremia vakaita
kuti arohwe uye kuti aiswe mutorongo mumba maJonatani munyori,
yavakanga vaita torongo.
16 Jeremia akaiswa mutorongo romugomba, umo maakagara nguva
yakareba. 17 Ipapo mambo Zedhekia akatuma nhume kundomutora akaita
kuti aiswe kumuzinda, kwaakamubvunza pakavanda, achiti, "Pane shoko
rabva kuna Jehovha here?"
Jeremia akapindura akati, "Hongu, muchaiswa muruoko rwamambo
weBhabhironi."
18 Ipapo Jeremia akati kuna Mambo Zedhekia, "Mhaka yandakapara
nemi kana machinda enyu kana navanhu ava, ndeyeiko kuti mundipfigire

mutorongo? [19] Varipiko vaprofita venyu vakakuprofitirai vachiti, 'Mambo
weBhabhironi haazi kuzokurwisai kana kurwisa nyika ino'? [20] Asi
zvino ishe wangu mambo, ndapota inzwai. Regai ndisvitse kwamuri
chikumbiro changu: Musandidzoserazve kumba kwaJonatani munyori
nokuti ndingafirako."

[21] Ipapo mambo Zedhekia akarayira kuti Jeremia aiswe muruvazhe
rwavarindi uye kuti apiwe chingwa chaibva mumugwagwa wavabiki
zuva rimwe nerimwe kusvikira musisina chingwa muguta. Saka Jeremia
akaramba ari muruvazhe rwavarindi.

# 38

*Jeremia anokandwa muGomba*

[1] Shefania mwanakomana waMatani naGedharia mwanakomana wa-
Pashuri mwanakomana waMarikiya vakanzwa zvaitaurwa naJeremia
kuvanhu vose paakati, [2] "Zvanzi naJehovha: 'Ani naani achagara muguta
rino achafa nomunondo, nenzara kana denda, asi ani naani achazvipira
kuvaBhabhironi achararama. Achatiza noupenyu hwake; achararama.'
[3] Zvakare, zvanzi naJehovha: 'Zvirokwazvo guta rino richaiswa mumaoko
ehondo yamambo weBhabhironi, ndiye acharikunda.' "

[4] Ipapo machinda akati kuna mambo, "Munhu uyu anofanira kufa. Ari
kuodza mwoyo yavarwi vakasara muguta rino, pamwe chete navanhu
vose, nezvinhu zvaanotaura kwavari. Uyu munhu haatsvaki zvakanakira
vanhu ava asi kuparadzwa kwavo."

[5] Mambo Zedhekia akapindura akati, "Ari mumaoko enyu, Mambo
haana zvaangagona kupikisana nemi."

[6] Saka vakatora Jeremia vakamuisa mugomba raMarikiya, mwanako-
mana wamambo, rakanga riri muruvazhe rwavarindi. Vakaburutsira
Jeremia mugomba netambo: rakanga risina mvura mariri, asi madhaka
bedzi, nokudaro Jeremia akanyura mumadhaka.

[7] Asi Ebhedhi-Mereki muEtiopia aiva muchinda mumuzinda woushe,
akazvinzwa kuti vakanga vaisa Jeremia mugomba. Panguva yakanga
yakagara mambo paSuo raBhenjamini, [8] Ebhedhi-Mereki akabuda mu-
muzinda woushe akati kwaari, "Ishe wangu mambo, varume ava vaita
zvakaipa kwazvo pane zvose zvavaita kumuprofita Jeremia. [9] Vamukanda
mugomba umo maachaziya nenzara akafa kana chingwa chapera
muguta."

[10] Ipapo mambo akarayira Ebhedhi-Mereki muEtiopia, akati, "Tora
varume makumi matatu pano uende navo munobudisa muprofita Jeremia
mugomba asati afa."

[11] Saka Ebhedhi-Mereki akatora varume akaenda navo kumba yaiva pasi
pechivigiro chepfuma mumuzinda wamambo. Akatorawo mamvemve
nenguo tsaru kubva ipapo ndokuzvidzikisa pasi netambo kuna Jeremia
mugomba. [12] Ebhedhi-Mereki muEtiopia akati kuna Jeremia, "Isa
mamvemve nenguo dzakasakara idzi muhapwa dzako kuti zviputire
tambo." Jeremia akaita saizvozvo, [13] ndokubva vamukweva netambo
ndokumubudisa kubva mugomba. Nokudaro Jeremia akaramba ari
paruvazhe rwavarindi.

*Zedhekia anobvunzazve Jeremia*

[14] Ipapo mambo Zedhekia akatuma nhume akauyisa muprofita Jeremia
pamukova wechitatu wokupinda patemberi yaJehovha. Mambo akati

kuna Jeremia, “Ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Usandivanzira
chinhu.”

15 Jeremia akati kuna Zedhekia, “Kana ndikakupai mhinduro, hamu-
zondiurayi here? Kunyange ndikakupai zano, hamunganditeereri.”

16 Asi mambo Zedhekia akapikira Jeremia mhiko iyi pakavanda achiti,
“Zvirokwazvo naJehovha mupenyu, iye akatipa mweya watinofema,
handingakuurayi kana kukuisa mumaoko eavo vanotsvaka kukuuraya.”

17 Ipapo Jeremia akati kuna Zedhekia, “Zvanzi naJehovha Mwari Wa-
masimba Ose, Mwari waIsraeri: ‘Kana ukazvipira kuvaranda vamambo
weBhabhironi, upenyu hwenyu hucharwirwa uye guta rino haringapiswi;
imi nemhuri muchararama. 18 Asi kana mukaramba kuzvipira kuvaranda
vamambo weBhabhironi, guta rino richaiswa mumaoko avaBhabhironi
uye vacharipisa; nemi pachenyu hamungapukunyuki pamaoko avo.’ ”

19 Mambo Zedhekia akati kuna Jeremia, “Ndinotya vaJudha vakaenda
kuvaBhabhironi, kuti vaBhabhironi vangangondiisa mumaoko avo
vakandiitira zvakaipa.”

20 Jeremia akati kwaari, “Havangakuisiyi kwavari. Teererai Je-
hovha nokuita zvandakuudzai. Ipapo zvichakunakirai imi, uye upenyu
hwenyu huchararamiswa. 21 Asi kana mukaramba kuzvipira, hezvino
zvandakaratidzwa naJehovha. 22 Vakadzi vose vakasara mumuzinda
wamambo weJudha vachabudiswa vachiendeswa kumachinda amambo
weBhabhironi. Vakadzi ivavo vachati kwamuri:

“ ‘Vakakutsausai uye vakakukundai,
ivo shamwari dzamaivimba nadzo.
Tsoka dzenyu dzanyura mumadhaka;
shamwari dzenyu dzakakutizai.’

23 “Vakadzi venyu vose navana vachabudiswa vachiendeswa kuvaB-
habhironi. Nemi pachenyu hamungapukunyuki mumaoko avo, asi
muchabatwa namambo weBhabhironi; uye guta rino richapiswa.”

24 Ipapo Zedhekia akati kuna Jeremia, “Ngakurege kuva nomunhu
anoziva zvatakurukura izvi nokuti ungafa. 25 Kana machinda akanzwa
kuti ndakataura newe, vakauya kwauri vachiti, ‘Tiudze zvawataura
kuna mambo uye zvarehwa namambo kwauri; usativanzira kuti tirege
kukuuraya,’ 26 ipapo uvaudze kuti, ‘Ndanga ndichikumbira kuna mambo
kuti arege kundidzoserazve kuimba yaJonatani kuti ndinofirako.’ ”

27 Machinda ose akauya kuna Jeremia ndokumubvunza, iye akavaudza
zvinhu zvose zvaakanga arayirwa namambo kuti ataure. Naizvozvo
vakarega kutaura naye zvakare, nokuti hapana akanga anzwa zvaakanga
akurukura namambo.

28 Naizvozvo Jeremia akaramba ari muruvazhe rwavarindi kusvikira
pazuva rakapambwa Jerusarema.

# 39

*Kuwa kweJerusarema*

1 Uku ndiko kutorwa kwakaitwa Jerusarema: Mugore repfumbamwe
ramambo Zedhekia mambo weJudha, mumwedzi wegumi, Nebhukad-
hinezari mambo weBhabhironi akauya kuzorwisa Jerusarema nehondo
yake yose uye akarikomba. 2 Zvino mugore regumi nerimwe raZedhekia,

pazuva repfumbamwe romwedzi wechina, masvingo eguta akakoro-
morwa. 3 Ipapo machinda ose amambo weBhabhironi akauya ndoku-
gara paSuo Rapakati, vaiti: Nerigari-Sharezeri weSamugari naNebho-
Saresekimi mukuru wavaranda vamambo weBhabhironi, naNerigari-
Sharezeri mukuru aiva nechinzvimbo chapamusoro, namamwe machinda
ose amambo weBhabhironi. 4 Zedhekia mambo weJudha navarwi vose
vakati vavaona, vakatiza; vakabuda muguta usiku vakaenda nenzira yoku-
bindu ramambo, napasuo raiva pakati pamasvingo maviri, ndokunanga
kuArabha.

5 Asi hondo yavaBhabhironi yakavadzinganisa ndokubatira Zed-
hekia mumapani eJeriko. Vakamubata ndokumuendesa kuna Neb-
hukadhinezari mambo weBhabhironi paRibhira munyika yeHamati
kwaakamupa mutongo wake. 6 Ipapo paRibhira Mambo weBhabhironi
akauraya vanakomana vaZedhekia pamberi pake uye akaurayawo maku-
rukota ose eJudha. 7 Ipapo akatumbura meso aZedhekia ndokumusunga
nengetani kuti aende naye kuBhabhironi.

8 VaBhabhironi vakapisa muzinda wamambo nedzimba dzavanhu
vakakoromora masvingo eJerusarema. 9 Nebhuzaradhani mukuru we-
hondo yavarindi akaendesa kuBhabhironi vanhu vakanga vasara muguta
pamwe chete navaya vakanga vazvipira kwaari uye noruzhinji rwavanhu.
10 Asi Nebhuzaradhani mukuru wavarindi akasiya munyika yeJudha
vamwe varombo vakanga vasina chinhu; uye panguva iyoyo akavapa
minda yemizambiringa nemimwe minda.

11 Zvino Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi akanga arayira izvi
pamusoro paJeremia kubudikidza naNebhuzaradhani mukuru wavarindi,
achiti, 12 "Mutorei mumuchengete; musamuitira zvakaipa asi mu-
muitire zvose zvaanokumbira." 13 Saka Nebhuzaradhani mukuru
wavarindi, naNebhushazibhani mukuru wavaranda, naNerigari-Sharezeri
aiva mukuru wen'anga namamwe machinda ose amambo weBhabhironi
14 vakatumira nhume kuti Jeremia abviswe paruvazhe rwavarindi. Vaka-
muendesa kuna Gedharia mwanakomana waAhikami, mwanakomana
waShafani, kuti vamudzosere kumusha kwake. Saka akaramba agere
pakati pavanhu vokwake.

15 Shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia achakapfigirwa muru-
vazhe rwavarindi, richiti, 16 "Enda undoudza Ebhedhi-Mereki muEtiopia
kuti, 'Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: Ndava
pedyo kuzadzisa mashoko angu pamusoro peguta rino nenjodzi, kwete
kubudirira. Panguva iyoyo zvichazadzisika pamberi pako. 17 Asi
iwe ndichakurwira pazuva iro, ndizvo zvinotaura Jehovha, haungaiswi
mumaoko evaunotya. 18 Ndichakuponesa; haungaurayiwi nomunondo
asi uchatiza noupenyu hwako, nokuti unovimba neni, ndizvo zvinotaura
Jehovha.' "

# 40

*Jeremia anosunungurwa*

1 Shoko rakasvika kuna Jeremia richibva kuna Jehovha mushure
mokusunungurwa kwake paRama naNebhuzaradhani mukuru wavarindi.
Akanga awana Jeremia akasungwa nengetani ari pakati pavatapwa vose
vaibva kuJerusarema neJudha avo vakanga vachiendeswa kuutapwa
kuBhabhironi. 2 Mukuru wavarindi akati awana Jeremia, akati kwaari,
"Jehovha Mwari wako akatenda kuti njodzi iyi iwire nzvimbo ino. 3 Zvino

Jehovha aita kuti zviitike, aita sezvaakareva kuti achaita. Izvi zvose
zvakaitika nokuti imi vanhu makatadzira Jehovha uye hamuna kumu-
teerera. 4 Asi nhasi ndinokusunungura kubva pangetani dziri mumaoko
ako. Uya tiende tose kuBhabhironi, kana uchida, ini ndichakuchengeta;
asi kana usingadi, usauya. Tarira, nyika yose iri pamberi pako; enda hako
kwose kwaunoda." 5 Kunyange zvakadaro hazvo, Jeremia asati atendeuka
kuti aende, Nebhuzaradhani akaenderera mberi achiti, "Dzokera kuna
Gedharia mwanakomana waAhikami, mwanakomana waShafani uyo
akagadzwa namambo weBhabhironi kuti ave mubati wemaguta eJudha,
undogara naye pakati pavanhu, kana kuti woenda kwose kwaunoda."

Ipapo mukuru wavarindi akamupa zvokudya zvokutakura nezvipo aka-
murega achienda. 6 Saka Jeremia akaenda kuna Gedharia mwanakomana
waAhikami paMizipa akandogara naye pakati pavanhu vakanga vasara
munyika.

### *Gedharia anourayiwa*

7 Vakuru vehondo navanhu vakanga vachigara mumasango enyika
vakati vanzwa kuti mambo weBhabhironi akanga agadza Gedharia
mwanakomana waAhikami kuti ave mubati wenyika uye kuti mambo
akanga amuita mutariri wavarume, vakadzi navana, avo vakanga
vari varombo zvakanyanya munyika uye vakanga vasina kuendeswa
pautapwa kuBhabhironi, 8 vakauya kuna Gedharia paMizipa, Ishu-
maeri mwanakomana waNetania, Johanani naJonatani vanakomana
vaKarea, naSeraya mwanakomana waTanhumeti, mwanakomana waE-
fai muNetofati, naJaazania mwanakomana womuMaakati, ivo navanhu
vavo. 9 Gedharia mwanakomana waAhikami, mwanakomana waShafani,
akapika mhiko yokuvasimbisa ivo navanhu vavo achiti, "Musatya
kushandira vaBhabhironi. Garai henyu munyika mushandire mambo
weBhabhironi, zvigokuitirai zvakanaka. 10 Ini pachangu ndichagara
paMizipa kuti ndikumirirei pamberi pavaBhabhironi vanouya kwatiri,
asi imi munofanira kukohwa waini, nezvibereko zvezhizha namafuta
mugozviisa mumidziyo yenyu, mugogara mumaguta amakakunda."

11 VaJudha vose vaiva muMoabhu, muAmoni, nevemuEdhomu nedz-
imwe nyika dzose vakati vanzwa kuti mambo weBhabhironi akanga asiya
vamwe vanhu muJudha uye kuti akanga agadza Gedharia mwanakomana
waAhikami, mwanakomana waShafani, somubati pamusoro pavo, 12 vose
vakadzoka kunyika yeJudha, kuna Gedharia paMizipa, vachibva kunyika
dzose kwavakanga vakaparadzirwa. Uye vakakohwa waini yakawanda
nezvibereko zvezhizha zvizhinji kwazvo.

13 Johanani mwanakomana waKarea navakuru vose vehondo vakanga
vachiri kumasango vakauya kuna Gedharia paMizipa. 14 Vakati kwaari,
"Hauzivi here kuti Bhaarisi mambo wavaAmoni atuma Ishumaeri
mwanakomana waNetania kuti azokuuraya?" Asi Gedharia mwanako-
mana waAhikami haana kuvatenda.

15 Ipapo Johanani mwanakomana waKarea akati kuna Gedharia
muchivande vari paMizipa, "Rega ndinouraya Ishumaeri mwanakomana
waNetania, uye hapana achazviziva. Anodirei kukuuraya nokuita kuti
vaJudha vose vakaungana, vakakupoteredza, vaparadzirwe uye vakasara
veJudha vaparare?"

16 Asi Gedharia mwanakomana waAhikami akati kuna Johanani
mwanakomana waKarea, "Usaita chinhu chakadaro! Zvauri kutaura
pamusoro paIshumaeri hazvisi zvechokwadi."

# 41

[1] Mumwedzi wechinomwe, Ishumaeri mwanakomana waNetania,
mwanakomana waErishama, uyo akanga ari worudzi rwamambo, uye
akanga ari mumwe wamachinda amambo, akauya ane varume gumi
kuna Gedharia mwanakomana waAhikami, paMizipa. Vachiri kudya
pamwe chete ipapo, [2] Ishumaeri mwanakomana waNetania navarume
gumi vakanga vanaye vakasimuka vakabaya Gedharia mwanakomana
waAhikami, mwanakomana waShafani, nomunondo, vakamuuraya iye
akanga agadzwa namambo weBhabhironi kuti ave mubati wenyika
iyo. [3] Ishumaeri akaurayawo vaJudha vose vaiva naGedharia paMizipa,
pamwe chete navarwi veBhabhironi vaivapo.

[4] Zuva rakatevera kuurayiwa kwaGedharia, pasati pava nomunhu
aizviziva, [5] varume makumi masere vaibva kuShekemu, neShiro ne-
Samaria vakasvikapo vakaveura ndebvu dzavo, vakabvarura nguo dzavo
uye vakazvicheka-cheka, vachiuya nezvipiriso zvezviyo nezvinonhuhwira
kuimba yaJehovha. [6] Ishumaeri mwanakomana waNetania akabuda
paMizipa kuti andovachingamidza, akafamba achichema. Paakasangana
navo, akati kwavari, "Uyai kuna Gedharia mwanakomana waAhikami."
[7] Vakati vapinda muguta, Ishumaeri mwanakomana waNetania navarume
vakanga vanaye vakavauraya ndokuvakanda mugomba. [8] Asi vamwe
vavo gumi vakati kuna Ishumaeri, "Musatiuraya! Isu tine gorosi nebhari,
namafuta uye nouchi, zvakavigwa musango." Naizvozvo akavarega
akasavauraya pamwe chete navamwe. [9] Zvino gomba raakakandira
mitumbi yose yavarume vaakanga auraya pamwe chete naGedharia ndiro
rakanga racherwa naMambo Asa kuti azvidzivirire kubva kuna Bhaasha
mambo weIsraeri. Ishumaeri mwanakomana waNetania akarizadza
navakaurayiwa.

[10] Ishumaeri akatapa vanhu vose vakanga vari paMizipa, vanasikana
vamambo pamwe chete navamwe vose vakanga vasara ikoko, vaiswa
naNebhuzaradhani mukuru wavarindi pasi paGedharia mwanakomana
waAhikami. Ishumaeri mwanakomana waNetania akavatapa ndokub-
vapo achida kuti ayambukire kuvaAmoni.

[11] Johanani mwanakomana waKarea namachinda ose ehondo
vaiva naye vakati vanzwa pamusoro pemhaka dzose dzakanga
dzaparwa naIshumaeri mwanakomana waNetania, [12] vakatora varume
vose ndokuenda kundorwa naIshumaeri mwanakomana waNetania.
Vakanomubatira pedyo nedziva guru reGibheoni. [13] Vanhu vose
vaiva naIshumaeri vakati vachiona Johanani mwanakomana waKarea
navakuru vehondo vakanga vainaye, vakafara. [14] Vanhu vose vakanga
vatapwa naIshumaeri paMizipa vakadzoka vakaenda kuna Johanani
mwanakomana waKarea. [15] Asi Ishumaeri mwanakomana waNetania
navarume vasere vakapunyuka kubva kuna Johanani vakatizira
kuvaAmoni.

### *Kutizira kuIjipiti*

[16] Ipapo Johanani mwanakomana waKarea navakuru vose vehondo
vaiva naye vakatungamirira vose vakasara kubva paMizipa avo vaakanga
anunura kubva kuna Ishumaeri mwanakomana waNetania shure
kwokunge auraya Gedharia mwanakomana waAhikami, vaiti: varwi,
vakadzi, vana namachinda edare vaakanga abva navo kuGibheoni.
[17] Vakaenderera mberi ndokunomira vava paGeruti Kimihami pedyo
neBheterehema parwendo rwavo rwokuenda kuIjipiti [18] kuti vatize vaB-
habhironi. Vakanga vachitya nokuti Ishumaeri mwanakomana waNetania

akanga auraya Gedharia mwanakomana waAhikami, uyo akanga agadzwa
kuti ave mubati wenyika iyo namambo weBhabhironi.

# 42

1 Ipapo vakuru vose vehondo, pamwe chete naJohanani mwanako-
mana waKarea naJezania mwanakomana waHoshaya, navanhu vose
kubva kuvaduku kusvikira kuvakuru vakasvika 2 kuna Jeremia muprof-
ita vakati kwaari, "Tapota inzwai chikumbiro chedu mutinyengeterere
kuna Jehovha Mwari wenyu nokuda kwavose ava vakasara. Nokuti
sezvamunoona zvino, kuti kunyange taiva vazhinji, iye zvino kwangosara
vashoma chete. 3 Nyengeterai kuti Jehovha Mwari wenyu atiudze
kwatinofanira kuenda uye zvatinofanira kuita."

4 Jeremia muprofita akapindura achiti, "Ndakunzwai. Zvirokwazvo
ndichakunyengetererai kuna Jehovha Mwari wenyu sezvamakumbira,
ndichakuzivisai zvinhu zvose zvicharehwa naJehovha uye handingam-
bokuvanzirai chinhu."

5 Ipapo vakati kuna Jeremia, "Jehovha ngaave chapupu chezvokwadi
uye chakatendeka pamusoro pedu kana tisingaiti zvose zvamunenge
matumwa naJehovha kuzotiudza. 6 Kana zvakanaka, kana zvisina kunaka
tichateerera Jehovha Mwari wedu, watinokutumai kwaari kuti zvigotiitira
zvakanaka, nokuti tichateerera Jehovha Mwari wedu."

7 Mazuva gumi akati apera, shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia.
8 Naizvozvo akaunganidza Johanani mwanakomana waKarea navakuru
vose vehondo vaaiva navo navanhu vose kubva kuvaduku kusvikira
kuvakuru. 9 Akati kwavari, "Zvanzi naJehovha, Mwari waIsraeri, iye
wamakanditumira kwaari kuti ndisvitse chikumbiro chenyu: 10 'Kana
mukagara munyika ino, ndichakuvakai handizokukoromorei; ndichakusi-
mai uye handingakudzurei, nokuti ndinorwadziwa nokuda kwenjodzi
yandakaisa pamusoro penyu. 11 Musatya mambo weBhabhironi, iye
wamunotya zvino. Musamutya, ndizvo zvinotaura Jehovha, nokuti
ndinemi uye ndichakuponesai nokukuponesai kubva mumaoko ake.
12 Ndichakunzwirai tsitsi kuitira kuti agokunzwirai tsitsi, agokudzoserai
kunyika yenyu.'

13 "Kunyange zvakadaro, kana mukati, 'Hatidi kugara munyika ino,'
nokudaro musingateerere Jehovha Mwari wenyu, 14 uye kana mukati,
'Kwete tichaenda kundogara kuIjipiti, kwatisingazooni hondo kana kun-
zwa hwamanda kana kunzwa nzara yechingwa,' 15 zvino chinzwai shoko
raJehovha imi vakasara vaJudha. Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose,
Mwari waIsraeri, 'Kana mashinga kuenda kuIjipiti kana mukaenda kun-
dogarako, 16 ipapo munondo wamunotya uchakukundai ikoko uye nenzara
yamunotya ichakuteverai kuIjipiti, uye muchafira ikoko. 17 Zvirokwazvo,
vose vashinga kuenda kuIjipiti kundogarako vachafa nomunondo, nen-
zara uye nedenda; hakuna achasara pakati pavo kana kupukunyuka
njodzi yandichauyisa pamusoro pavo.' 18 Zvanzi naJehovha Wamasimba
Ose, Mwari waIsraeri, 'Sokudururwa kwakaitwa hasha dzangu nokut-
samwa kwangu pamusoro peavo vaigara muJerusarema, saizvozvo kut-
samwa kwangu kuchadururirwa pamusoro penyu kana maenda kuI-
jipiti. Muchava chinhu chinotukwa nechinosemwa, nechinomhurwa,
nokuzvidzwa; hamuchazombooni nzvimbo ino zvakare.'

19 "Haiwa imi vakasara veJudha, Jehovha akuudzai kuti, 'Musaenda
kuIjipiti.' Ivai nechokwadi: ndinokuyambirai nhasi 20 kuti makakan-
ganisa kwazvo pamakanditumа kuna Jehovha Mwari wenyu muchiti,

'Tinyengeterere kuna Jehovha Mwari wedu, utiudze zvose zvaanoreva uye
isu tichazviita.' [21] Ndakuudzai nhasi, asi kunyange zvakadaro hamuna
kuteerera Jehovha Mwari wenyu pane zvose zvaakandituma kuzokuzivi-
sai imi. [22] Saka zvino, ivai nechokwadi nezvizvi: Muchafa nomunondo,
nenzara, uye nedenda kunzvimbo yamunoda kuenda kundogara."

# 43

[1] Jeremia akati apedza kuudza vanhu mashoko ose aJehovha
Mwari wavo, zvose zvaakanga atumwa naJehovha kuti avaudze,
[2] Azaria mwanakomana waHoshaya naJohanani mwanakomana waKarea
navarume vose vaizvikudza vakati kuna Jeremia, "Unoreva nhema iwe!
Jehovha Mwari wedu haana kukutuma kuti uzoti, 'Hamufaniri kuenda
kuIjipiti kundogara ikoko.' [3] Asi Bharuki mwanakomana waNeria ndiye
anokukurudzirai pamusoro pedu kuti tiendeswe kuvaBhabhironi, kuti
vagotiuraya kana kutitora vachitiendesa kuBhabhironi."

[4] Naizvozvo Johanani mwanakomana waKarea navakuru vose vehondo
navanhu vose havana kuteerera murayiro waJehovha kuti vagare mun-
yika yeJudha. [5] Panzvimbo paizvozvo Johanani mwanakomana waKarea
navakuru vose vehondo vakatora vakasara vose veJudha vakanga vad-
zoka kuzogara munyika yeJudha kubva kundudzi dzose kwavakanga
vaparadzirwa. [6] Vakatorawo varume vose, vakadzi navana navanasikana
vamambo vakanga vasiyiwa naNebhuzaradhani mukuru wavarindi va-
mambo kuna Gedharia mwanakomana waShafani, naJeremia muprofita
uye naBharuki mwanakomana waNeria. [7] Saka vakapinda muIjipiti
vasingateereri Jehovha vakaenda zvokutosvika kuTapanesi.

[8] Vari paTapanesi, shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia, richiti,
[9] "Tora mabwe makuru uavige mudhaka pakati pezvitinha panopindwa
napo kumuzinda waFaro uri paTapanesi, vaJudha vakatarisa. [10] Ipapo
uti kwavari, 'Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri:
Ndichatuma shoko kumuranda wangu Nebhukadhinezari mambo weB-
habhironi, uye ndichaisa chigaro chake choushe pamusoro pamabwe aya
andaviga pano; achatambanudza denga rake roushe pamusoro pawo.
[11] Achauya agorwisa Ijipiti, achivigira rufu kuna avo vakatongerwa
rufu, kutapwa kuna vakatongerwa utapwa, nomunondo kuna avo vaka-
tongerwa munondo. [12] Achapisa temberi dzavamwari veIjipiti; achapisa
temberi dzavo agotapa vamwari vavo. Sokumonera kunoita mufudzi
nguo yake, saizvozvo achamonera nyika yeIjipiti agobvako asina vanga.
[13] Imomo, mutemberi yezuva iri muIjipiti, achaputsa mbiru dzinoera uye
achapisa temberi dzavamwari veIjipiti.' "

# 44

*Njodzi nokuda kwoKunamata Zvifananidzo*

[1] Shoko iri rakasvika kuna Jeremia pamusoro pavaJudha vose vakanga
vagere zasi kweIjipiti, muMigidhori nomuTapanesi nomuNofi, nokumu-
soro kweIjipiti, richiti, [2] "Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari
waIsraeri: Makaona njodzi huru yandakauyisa pamusoro peJerusarema
nomumaguta ose eJudha. Nhasi uno asiyiwa angova matongo [3] nokuda
kwezvakaipa zvavakaita. Vakanditsamwisa nokuda kwokupisira zvi-
nonhuhwira uye nokunamata vamwe vamwari vavasina kumboziva ivo
kana imi kana madzibaba enyu. [4] Ndakatuma ndatumazve varanda

vangu vaprofita kuti vati, 'Regai kuita chinhu chinonyangadza chandi-
novenga!' 5 Asi havana kunzwa kana kuteerera: havana kudzoka kubva
pane zvakaipa zvavo kana kurega kupisa zvinonhuhwira kuna vamwe
vamwari. 6 Naizvozvo kutsamwa kwangu kunotyisa kwakadururwa;
kukapisa maguta eJudha uye nenzira dzeJerusarema ndikazviparadza
zvikava matongo sezvazvakaita nhasi.

7 "Zvino, zvanzi naJehovha, Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: Mu-
nouyisireiko njodzi yakakura kudai pamusoro penyu nokuparadzira
kubva kuJudha varume navakadzi, navana, navacheche nokudaro muchis-
ara musina kana nomumwe? 8 Munonditsamwisireiko nezvamunoita
namaoko enyu, muchipisira zvinonhuhwira kuna vamwe vamwari vomuI-
jipiti kwamakaenda kundogara? Muchazviparadza pachenyu mukazvi-
ita chinhu chinotukwa nechinozvidzwa pakati pendudzi dzose dzepa-
nyika. 9 Makanganwa here zvakashata zvakaitwa namadzibaba enyu
namadzimambo navanamambokadzi veJudha uye zvakashata zvakaitwa
nemi navakadzi venyu munyika yeJudha nomunzira dzeJerusarema?
10 Kusvikira pazuva ranhasi havana kuzvininipisa kana kuratidza
rukudzo, kana kutevera murayiro wangu nezvirevo zvangu zvandakatema
pamberi penyu napamberi pamadzibaba enyu.

11 "Naizvozvo, zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri:
Ndafunga kuuyisa njodzi pamusoro penyu ndigoparadza Judha yose.
12 Ndichabvisa vakasara veJudha vakanga vashinga kuenda kuIjipiti
kundogarako. Vose vachafira muIjipiti, vachafa nomunondo kana kufa
nenzara. Kubva kumuduku kusvikira kumukuru, vachafa nomunondo
kana nenzara. Vachava chinhu chinotukwa nechinosemwa, chinhu
chinoshorwa nechinonyadzisa. 13 Ndicharanga vaya vanogara kuIjipiti
nomunondo, nenzara uye nedenda sokuranga kwandakaita Jerusarema.
14 Hakuna kuna vakasara veJudha vakaenda kunogara kuIjipiti vachapun-
yuka kana kurarama kuti vadzoke kunyika yeJudha, uko kwavanoshuva
kuti vadzokere kundogara; hakuna achadzoka kunze kwavashoma vacha-
tiza."

15 Ipapo varume vose vaiziva kuti vakadzi vavo vaipisira zvinon-
huhwira kuna vamwe vamwari, pamwe chete navakadzi vose vaivapo,
ungano huru, navanhu vose vakanga vagere Kumusoro neZasi kweI-
jipiti, vakati kuna Jeremia, 16 "Hatingateereri shoko rawataura kwatiri
muzita raJehovha! 17 Zvirokwazvo tichaita zvinhu zvose zvatakati
tichaita. Tichapisira zvinonhuhwira kuna Mambokadzi woKudenga
nokumudururira zvipiriso zvokunwa sezvatakaita isu namadzibaba edu,
namadzimambo edu uye namachinda edu mumaguta eJudha nomunzira
dzomuJerusarema. Panguva iyoyo takanga tine zvokudya zvizhinji uye
takanga tigere zvakanaka tisina zvaitirwadza. 18 Asi kubva patakamira
kupisira zvinonhuhwira kuna Mambokadzi woKudenga nokudururira
zvipiriso zvokunwa kwaari, hapana chatakawana uye tanga tichingofa
nomunondo nenzara."

19 Vakadzi vakapamhidzira vachiti, "Patakapisira zvinonhuhwira kuna
Mambokadzi woKudenga, uye tikadururira zvipiriso zvokunwa kwaari,
varume vedu vakanga vasingazivi here kuti taimuitira makeke akaita
somufananidzo wake uye tichimudururira zvipiriso zvinonwiwa?"

20 Ipapo Jeremia akati kuvanhu vose, varume navakadzi, vakanga
vachimupindura, 21 "Ko, Jehovha haana kurangarira here uye akafunga
pamusoro pezvinonhuhwira zvaipiswa mumaguta eJudha nomunzira dze-
Jerusarema nemi namadzibaba enyu namadzimambo enyu namachinda

enyu uye navanhu venyika? [22] Jehovha akati haasisina mwoyo murefu
pakuipa kwezviito zvenyu nezvinhu zvinonyangadza zvamakaita, nyika
yenyu ikava chinhu chinotukwa uye nedongo risina anogaramo, sez-
vazvakaita nhasi. [23] Nokuda kwokuti makapisira zvinonhuhwira uye
makatadzira Jehovha uye hamuna kumuteerera kana kutevera murayiro
wake kana zvirevo zvake kana zvaakatema, njodzi iyi yaiswa pamusoro
penyu sezvamunoona zvino."

[24] Ipapo Jeremia akati kuvanhu vose kusanganisira vakadzi, "Inzwai
shoko raJehovha, imi vanhu vose veJudha vari muIjipiti. [25] Zvanzi
naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: Imi navakadzi venyu
maratidza nezviito zvenyu, zvamakavimbisa pamakati, 'Zvirokwazvo
mhiko dzedu dzatakapika tichadzizadzisa nokupisa zvinonhuhwira uye
nokudururira zvipiriso zvokunwa kuna Mambokadzi woKudenga.'

"Endererai henyu mberi zvino, itai zvamakavimbisa! Chengetai mhiko
dzenyu! [26] Asi inzwai shoko raJehovha, imi vaJudha mose munogara
muIjipiti: 'Ndinopika nezita rangu guru,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'kuti
hakuna anobva kuJudha agere papi napapi zvapo muIjipiti achadana
zita rangu kana kupika achiti: "Zvirokwazvo naIshe Jehovha mupenyu,"
[27] Nokuti ndinovarindira kuti ndivaitire zvakaipa kwete zvakanaka,
vaJudha vari muIjipiti vachafa nomunondo uye nenzara kusvikira vose
vaparadzwa. [28] Avo vachapunyuka pamunondo vakadzokera kunyika
yeJudha vachibva kuIjipiti vachava vashoma kwazvo. Ipapo vose vakasara
vavaJudha vakauya kuzogara kuIjipiti vachaziva kuti shoko rinogara
nderani, rangu kana ravo.

[29] " 'Ichi ndicho chichava chiratidzo kwauri chokuti ndichakuranga
panzvimbo ino,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'kuitira kuti muzive kuti
mashoko eyambiro yangu pamusoro penyu achamira zvirokwazvo.'
[30] Zvanzi naJehovha: 'Ndiri kuisa Faro Hofira mambo weIjipiti mumaoko
avavengi vake vanotsvaka kumuuraya, sezvandakaita Zedhekia mambo
weJudha mumaoko aNebhukadhinezari mambo weBhabhironi, iye mu-
vengi akanga achitsvaka kumuuraya.' "

# 45

*Shoko kuna Bharuki*

[1] Izvi ndizvo zvakataurwa nomuprofita Jeremia kuna Bharuki
mwanakomana waNeria, mugore rechina raJehoyakimi mwanakomana
waJosia mambo weJudha, shure kwokunyora kwaBharuki rugwaro rwa-
mashoko aJeremia aakanga achimudaidzira, achiti, [2] "Zvanzi naJehovha,
Mwari waIsraeri, kunewe Bharuki: [3] Iwe wakati, 'Ndine nhamo! Jehovha
apamhidzira kusuwa pakurwadziwa kwangu; ndaneta nokugomera uye
ndashayiwa zororo.' "

[4] Jehovha akati, "Uti kwaari, 'Zvanzi naJehovha: Ndichakoromora
zvandakavaka uye ndichadzura zvandakasima panyika yose. [5] Iwe
ungazvitsvakira zvinhu zvikuru here? Usazvitsvaka. Nokuti ndichauyisa
njodzi pamusoro pavanhu vose, ndizvo zvinotaura Jehovha, asi ndichaita
kuti utize noupenyu hwako kwose kwaunoenda.' "

# 46

*Shoko pamusoro peIjipiti*

[1] Iri ndiro shoko raJehovha rakauya kuna Jeremia muprofita pamusoro
pendudzi:

2 Pamusoro peIjipiti:
Iri ndiro shoko pamusoro pehondo yaFaro Neko mambo weIjipiti, yakakundwa paKarikemishi, paRwizi Yufuratesi naNebhukadhinezari mambo weBhabhironi mugore rechina raJehoyakimi mwanakomana waJosia mambo weJudha:

3 "Gadzirai nhoo dzenyu, dzose huru neduku,
mubude kundorwa!
4 Sungai mabhiza,
sungirirai zvigaro!
Mirai panzvimbo yenyu
makapfeka nguwani!
Rodzai mapfumo enyu,
pfekai nguo dzenyu dzokurwa!
5 Ndinooneiko?
Vavhundutswa,
vari kudzokera shure,
mhare dzavo dzakundwa.
Vari kutiza nokukurumidza
vasingacheuki,
uye pano kutya kumativi ose,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
6 Vanogona kumhanya havangatizi,
uye vakasimba havangapunyuki.
Nechokumusoro paRwizi Yufuratesi
vanogumburwa vagowa.

7 Ndianiko uyu anozara serwizi Nairi,
senzizi dzamapopopo emvura?
8 Ijipiti yazara seNairi,
senzizi dzamapopopo.
Inoti, "Ndichazara ndigofukidza nyika;
ndichaparadza maguta navanhu vawo."
9 Virimai, imi mabhiza!
Chairai nehasha, imi vatasvi vengoro!
Fambirai mberi, imi mhare,
varume veEtiopia nePuti vanoitakura nhoo,
varume veRidhia vanowembura uta.
10 Asi zuva iro nderaShe, iye Jehovha Wamasimba Ose,
iro zuva rokutsiva, rokutsiva vavengi vake.
Munondo uchadya kusvikira waguta,
kusvikira wapodza nyota yawo neropa.
Nokuti Ishe, iye Jehovha Wamasimba Ose, achabayira chibayiro
kunyika yokumusoro paRwizi Yufuratesi.

11 "Kwidza kuGireadhi undotora bharimu,
iwe Mwanasikana Mhandara yeIjipiti.
Asi unongowanza mishonga pasina;
kuporeswa kwako hapana.
12 Ndudzi dzichanzwa nezvokunyadziswa kwako;
kuchema kwako kuchazadza nyika.
Mhare ichabondera pane imwe mhare;
vachawira pasi pamwe chete."

13 Iri ndiro shoko rakataurwa naJehovha kuna Jeremia muprofita, pa-
musoro pokuuya kwaNebhukadhinezari mambo weBhabhironi kuzorwa
neIjipiti achiti:
14 "Zivisai izvi muIjipiti, mugozviparidza paMigidhori;
zviparidzeiwo paNofi neTapanesi muchiti:
'Torai nzvimbo yenyu uye muzvigadzirire,
nokuti munondo unodya vakakupoteredzai.'
15 Ko, mhare dzenyu dzingadzikisirwei?
Havangagoni kumira, nokuti Jehovha achavadzikisa pasi.
16 Vacharamba vachingogumburwa;
vachawa mumwe nomumwe pamusoro pomumwe.
Vachati, 'Simukai, ngatidzokerei
kuvanhu vokwedu nokunyika yedu,
kure nomunondo womumanikidzi wedu.'
17 Ikoko vachadanidzira vachiti,
'Faro mambo weIjipiti anongova ruzha chete;
akatadza kushandisa mukana wake.'

18 "Zvirokwazvo noupenyu hwangu," ndizvo zvinotaura Mambo,
ane zita rinonzi Jehovha Wamasimba Ose,
"pano mumwe achauya akaita seTabhori pakati pamakomo,
seKarimeri pagungwa.
19 Rongedzai zvinhu zvenyu, nokuti muchaenda kuutapwa,
imi munogara muIjipiti,
nokuti Nofi richaitwa dongo,
uye richava dongo risina anogaramo.

20 "Ijipiti itsiru rakaisvonaka,
asi vuvo riri kuuya
kuzorwisa richibva kumusoro.
21 Varwi vanorwa kuti varipirwe mari chete vari mairi,
vakaita semhuru dzakakodzwa.
Naivowo vachatendeuka uye vachatiza pamwe chete,
havangamiri panzvimbo yavo,
nokuti zuva renjodzi riri kuuya pamusoro pavo,
nguva yokurangwa kwavo.
22 Ijipiti ichashinyira senyoka inotiza
pakuuya nechisimba kwomuvengi;
vachauya kuzorwa nayo namatemo,
savarume vanotema miti.
23 Vachatemera sango raro pasi,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"kunyange risingapindiki zvaro.
Vakawanda kupfuura mhashu,
havaverengeki.
24 Mwanasikana weIjipiti achanyadziswa,
achaiswa mumaoko avanhu vokumusoro."
25 Jehovha Wamasimba Ose, Mwari weIsraeri, anoti, "Ndava pedyo
nokuuyisa shamhu pamusoro paAmoni mwari weTebhesi, napamusoro
paFaro, neIjipiti navamwari vayo namadzimambo ayo, napamusoro peavo
vanovimba naFaro. 26 Ndichavaisa mumaoko eavo vanotsvaka kuvauraya,
nokuna Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi namachinda ake. Shure

kwaizvozvo, Ijipiti ichagarwa sepamazuva akare," ndizvo zvinotaura Jehovha.
27 "Usatya, iwe Jakobho muranda wangu;
usavhunduka, iwe Israeri.
Zvirokwazvo ndichakuponesa uri kunzvimbo iri kure,
nezvizvarwa zvako kubva kunyika youtapwa hwavo,
Jakobho achavazve norugare nokuchengetedzeka,
uye hakuna achamutyisa.
28 Usatya, iwe Jakobho muranda wangu,
nokuti ndinewe," ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Kunyange ndikaparadza chose marudzi ose
andakakuparadzirai pakati pawo,
handizokuparadzei imi zvachose.
Ndichakurangai, asi chete nokururamisira;
handingakuregei musina kurangwa zvachose."

# 47

*Chirevo pamusoro pavaFiristia*

1 Iri ndiro shoko raJehovha rakasvika kumuprofita Jeremia pamusoro pavaFiristia, Faro asati arwisa Gaza:

2 Zvanzi naJehovha:
"Onai kukwira kunoita mvura zhinji yokumusoro;
ivo vachava rwizi runofashukira nesimba.
Vachafukidza nyika nezvose zviri mairi,
maguta navose vanogaramo.
Vanhu vachachema;
vose vanogara munyika vachaungudza
3 pavachanzwa mutsindo wemahwanda emabhiza,
kutinhira kwengoro dzavavengi,
nokurira kwemavhiri adzo.
Madzibaba haangadzoki kuzobatsira vana vavo;
maoko avo acharembera seakaremara.
4 Nokuti zuva rasvika
rokuparadza vaFiristia vose,
uye nokuuraya vose vakasara
vaigona kubatsira Tire neSidhoni.
Jehovha ava pedyo nokuparadza vaFiristia,
vaya vakasara vanobva kumahombekombe eKafitori.
5 Gaza richaveura musoro waro mukuchema;
Ashikeroni richati mwiro.
Haiwa, imi vakasara vari pabani,
muchapedza nguva yakadiiko muchizvicheka?

6 "Muchachema muchiti, 'Maiwe, munondo waJehovha,
uchapedza nguva yakadiiko usati wazorora?
Dzokera mumuhara wako;
mira, unyarare.'
7 Asi ungazorora sei,
Jehovha akaurayira,
sezvo akaurayira
kuti urwise Ashikeroni namahombekombe?"

# 48

*Chirevo pamusoro peMoabhu*

1 Pamusoro peMoabhu:
Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri: "Ine nhamo Nebho, nokuti ichaparadzwa.
Kiriataimi ichanyadziswa uye ichakundwa;
nhare dzichanyadziswa uye dzichaparadzwa.
2 Moabhu haichazorumbidzwizve;
muHeshibhoni varume vacharangana nezvokuwa kwaro, vachiti: 'Uyai, tiparadze rudzi urwo.'
Newewo, iwe Madhimeni uchati mwiro;
munondo uchakutevera.
3 Inzwai kuchema kunobva kuHoronaimi,
kuchema kwokukoromorwa nokuparadzwa kukuru.
4 Moabhu ichaputswa;
vana vadiki varo vacharidza mhere.
5 Vachakwira nomukwidza weRuhiti,
vachichema zvikuru pakuenda kwavo;
pamateru enzira yokuHoronaimi
kuchema kwokurwadziwa pamusoro pokuparadza kunonzwika.
6 Tizai! Mhanyai muponese upenyu hwenyu;
mufanane negwenzi riri mugwenga.
7 Sezvo muchivimba namabasa uye nepfuma yenyu,
nemiwo muchatapwa,
uye Kemoshi ichaenda kuutapwa,
pamwe chete navaprista namachinda ayo.
8 Muparadzi acharwa namaguta ose ose,
uye hapana guta richapunyuka.
Mupata uchaparadzwa,
uye mutunhu wakakwirira uchaparadzwa
nokuti Jehovha azvitaura.
9 Isai munyu pamusoro peMoabhu,
nokuti ichaparadzwa;
maguta ayo achava matongo,
asina achazogaramo.

10 "Ngaatukwe uyo anobata basa raJehovha asina hanya!
Ngaatukwe uyo anodzora munondo wake pakuteura ropa!

11 "Moabhu anga ane zororo kubvira pauduku hwake,
sewaini yasarira mumasese,
isina kudirwa kubva muno mumwe mudziyo ichiiswa muno mumwe,
haana kuenda kuutapwa.
Saka anongotapira sezvaakanga ari,
uye kunhuhwira kwake hakuna kushanduka.
12 Asi mazuva anouya,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"andichatuma varume vanodurura zvinobva mumudziyo,
uye vachadururira pasi;
vachasiya midziyo isina chinhu
uye vagoputsa midziyo yake.
13 Ipapo Moabhu achanyadziswa neKemoshi,

sokunyadziswa kwakaitwa imba yaIsraeri
pavakavimba neBheteri.

14 “Ungataura sei, uchiti, ‘Tiri mhare,
varume vakatsunga muhondo’?
15 Moabhu ichaparadzwa, uye maguta ayo acharwiswa;
majaya ake akaisvonaka achaburukira kundourayiwa,”
ndizvo zvinotaura Mambo, ane zita rinonzi Jehovha Wamasimba Ose.
16 “Kuwa kweMoabhu kwava pedyo;
njodzi yayo ichasvika nokukurumidza.
17 Ichemei, imi mose mugere makaipoteredza,
vose vanoziva mukurumbira wayo;
muti, ‘Yavhunika seiko tsvimbo yakasimba,
wavhunika seiko mudonzvo wakaisvonaka!’

18 “Burukai pakukudzwa kwenyu
mugare pavhu rakaoma,
imi vagari voMwanasikana weDhibhoni,
nokuti iye anoparadza Moabhu
achauya kuzokurwisai,
uye agoparadza maguta enyu akakomberedzwa.
19 Mirai panzira mutarire,
imi vagari vemuAroeri.
Bvunzai murume ari kutiza nomukadzi apunyuka,
muvabvunze kuti, ‘Chii chaitika?’
20 Moabhu yanyadziswa, nokuti yaparadzwa.
Ungudzai uye muridze mhere!
Zvizivisei paArinoni
kuti Moabhu yaparadzwa.
21 Kutonga kwasvika kumutunhu wakakwirira,
kuHoroni, Jahaza neMefaati,
22 kuDhibhoni, Nebho neBheti Dhibhirataimu,
23 kuKiriataimu, neBheti Gamuri neBheti Meoni,
24 kuKerioti neBhozira,
nokumaguta ose eMoabhu ari kure neari pedyo.
25 Runyanga rweMoabhu rwagurwa;
ruoko rwake rwavhunika,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

26 “Itai kuti adhakwe,
nokuti iye azvidza Jehovha.
Regai Moabhu aumburuke mumarutsi ake;
ngaave chinhu chinosekwa.
27 Ko, Israeri haana kuva chinhu chinosekwa nemi here?
Ko, akabatwa ari pakati pembavha here,
zvamunodzungudza musoro wenyu
muchimushora pose pamunotaura nezvake?
28 Siyai maguta enyu mundogara pakati pamatombo,
imi mugere muMoabhu.
Itai senjiva inovaka dendere rayo
pamuromo webako.

29 “Takanzwa nezvokuzvikudza kweMoabhu,

manyawi nokudada kwavo kukuru
uye kuzvikudza kwakanyanya,
kuzvikudza kwavo nokuzvitutumadza namanyawi emwoyo wayo.
30 Ndinoziva kusindimara kwayo asi hakuna maturo,”
ndizvo zvinotaura Jehovha,
“uye kuzvikudza kwake kuzhinji hakuna zvakunoreva.
31 Naizvozvo ndinoungudza pamusoro peMoabhu,
nokuda kweMoabhu yose ndinodanidzira,
ndinochema varume veKiri Hareseti.
32 Ndinokuchema sokuchema kunoita Jazeri,
haiwa imi mazambiringa eGibhima.
Matavi enyu akatandavara kundosvika kugungwa;
akandosvika kugungwa reJazeri.
Muparadzi awira pamichero yako
yaibva namazambiringa.
33 Mufaro nokufarisisa zvaenda,
zvabva muminda yemichero nomuminda yeMoabhu.
Ndagumisa kuyerera kwewaini inobva pazvisviniro;
hakuna achazvitsika achidanidzira nomufaro.
Kunyange pano kudanidzira,
hakusi kudanidzira kwomufaro.

34 “Inzwi rokuchema kwavo rinokwira
richibva kuHeshibhoni kusvikira kuErieri neJahazi,
kubva kuZoari kusvikira kuHoronaimi neEgirati Sherishiya,
nokuti kunyange nemvura dzeNimirimi dzapwa.
35 Ndichaisa magumo muMoabhu,
kuna avo vanopa zvipiriso panzvimbo dzakakwirira,
uye vanopisira zvinonhuhwira kuna vamwari vavo,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
36 “Saka mwoyo wangu unorira senyere pamusoro peMoabhu;
unorira senyere pamusoro pavarume veKiri Hareseti.
Pfuma yavakawana yapera.
37 Musoro mumwe nomumwe wakaveurwa,
uye ndebvu dzose dzakagurirwa;
ruoko rumwe norumwe rwakagurwa,
uye zviuno zvose zvakafukidzwa namasaga.
38 Pamusoro pamatenga ose eMoabhu
napazvivara
hakuna chiriko kunze kwokuchema,
nokuti ndaputsa Moabhu
sedende risina anorida,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
39 “Akoromorwa sei! Vaungudza sei!
Hoyo Moabhu afuratira nokuda kwokunyadziswa!
Moabhu yava chinhu chinosekwa,
chinhu chinonyangadza kuna vose vakaipoteredza.”
40 Zvanzi naJehovha:
“Tarirai achabhururuka segondo,
rakatambanudzira mapapiro aro pamusoro peMoabhu.
41 Kerioti ichatapwa
uye nhare dzichatorwa.
Pazuva iro mwoyo yemhare dzeMoabhu

ichafanana nomwoyo womukadzi ari kurwadziwa.
42 Moabhu ichaparadzwa serudzi
nokuti yakazvidza Jehovha.
43 Kutya negomba nomusungo zvakakumirirai,
imi vanhu veMoabhu,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
44 “Ani naani achatiza njodzi
iyi achawira mugomba,
ani naani achakwira achibuda mugomba,
achabatwa mumusungo;
nokuti ndichauyisa pamusoro peMoabhu
gore rokurangwa kwake,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

45 “Mumumvuri weHeshibhoni
vatizi vanomirapo vasina simba,
nokuti moto wabuda uchibva kuHeshibhoni,
murazvo pakati peSihoni;
unopisa huma dzaMoabhu,
misoro yavanozvikudza vemheremhere.
46 Une nhamo, iwe Moabhu!
Vanhu veKemoshi vaparara;
vanakomana vako vakaendeswa kuutapwa
navanasikana vako muutapwa.

47 “Kunyange zvakadaro ndichadzosazve pfuma yeMoabhu
pamazuva anouya,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
Pano ndipo panogumira kutongwa kweMoabhu.

# 49

*Chirevo pamusoro paAmoni*

1 Pamusoro paAmoni:
Zvanzi naJehovha:
“Ko, Israeri haana mwanakomana here?
Haana vadyi venhaka here?
Ko, zvino Moreki atorerei nhaka yaGadhi?
Nemhaka yeiko vanhu vake vachigara mumaguta ayo?
2 Asi mazuva anouya,”
ndizvo zvinotaura Jehovha,
“andicharidza mhere yehondo
pamusoro peRabha ravaAmoni;
richaitwa murwi wamatongo,
uye misha yakaripoteredza ichapiswa nomoto.
Ipapo Israeri achadzinga
vaya vakanga vamudzinga,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
3 “Ungudza, iwe Heshibhoni, nokuti Ai raparadzwa!
Ridzai mhere, imi vanogara muRabha!
Pfekai masaga mucheme,
mhanyai pano nekoko pakati porusvingo,
nokuti Moreki achaenda kuutapwa,
pamwe chete navaprista vake namachinda ake.

4 Unozvikudzireiko nemipata yako,
kuzvikudza nemipata inobereka kwazvo?
Haiwa mwanasikana wokusatendeka,
unovimba nepfuma yako uchiti,
'Ndiani acharwa neni?'
5 Ndichauyisa kutya pamusoro pako
kunobva kuna avo vakakupoteredza,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
"Mumwe nomumwe wenyu achadzingirwa kure,
uye hakuna achaunganidza vatizi.

6 "Asi shure kwaizvozvo, ndichadzosazve pfuma yavaAmoni,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

### *Chirevo pamusoro peEdhomu*

7 Pamusoro peEdhomu:
Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Ko, muTemani hamuchina uchenjeri here?
Mano atsakatika here kuna vakangwara?
Ko, uchenjeri hwavo hwaora here?
8 Dzokai uye mutize, muwande mumapako akadzika,
imi munogara muDhedhani,
nokuti ndichauyisa njodzi pamusoro paEsau,
panguva yandinomuranga.
9 Kana vanononga mazambiringa vakasvika kwauri,
havangasiyi mazambiringa mashoma here?
Kana mbavha dzikasvika usiku,
havangabi zvavanoda chete here?
10 Asi ndichafukura Esau;
ndichazarura nzvimbo dzake dzokuvanda,
kuitira kuti akundikane kuzvivanza.
Vana vake, nehama dzake navavakidzani vake vachafa,
uye iye haachazovapozve.
11 Siya nherera dzako; ini ndicharwira upenyu hwavo.
Chirikadzi dzakowo dzichagona kuvimba neni."
12 Zvanzi naJehovha: "Kana avo vakanga vasingafaniri kunwa pa-
mukombe vakodzera kuunwa, iwe ucharegereiko kurangwa? Haungaregi
kurangwa, asi unofanira kunwa pamukombe wacho. 13 Ndinopika neni
ndimene," ndizvo zvinotaura Jehovha, "kuti Bhozira richava dongo nech-
inhu chinonyangadza, nechinhu chinotyisa, chinozvidzwa nechinotukwa;
uye maguta aro ose achava matongo nokusingaperi."
14 Ndakanzwa shoko rakabva kuna Jehovha, richiti:
Nhume yakatumwa kundudzi kunoti,
"Unganai kuti murwe naro!
Simukai murwe!"

15 "Zvino ndichakuita muduku pakati pendudzi,
anozvidzwa pakati pavanhu.
16 Kutyisa kwaunoita,
nokuzvikudza kwomwoyo wako zvakunyengera,
iwe unogara mumikaha yematombo,
ugere panzvimbo dzakakwirira dzechikomo.
Kunyange ukavaka dendere rako pakakwirira segondo,
ndichakukoromora kubva ipapo,"

ndizvo zvinotaura Jehovha.
17 "Edhomu richava chinhu chinotyisa,
vose vachapfuura napo vachashamiswa,
uye vachaseka nokuda kwamavanga aro ose.
18 Sokuparadzwa kwakaitwa Sodhomu neGomora,
pamwe chete namaguta akanga akavakidzana nawo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"saka hakuna munhu achazogarako;
hakuna munhu achagara mariri.

19 "Seshumba inobuda mumatenhere eJorodhani
ichienda kumafuro akapfuma,
ndichadzinga Edhomu kubva munyika yake pakarepo.
Ndianiko akasarudzwa wandichagadza kuti aite izvi?
Ndiani akafanana neni uye ndiani angakwikwidzane neni?
Uye ndoupi mufudzi angamisidzana neni?"
20 Naizvozvo, inzwai zvakarongwa naJehovha pamusoro peEdhomu,
zvaakafunga pamusoro peavo vagere muTemani:
Achakwekweredza vaduku vemapoka;
achaparadza chose mafuro avo nokuda kwavo.
21 Nyika ichadedera nokuda kwomubvumo wokuwa kwavo;
kuchema kwavo kuchanzwikwawo kusvikira kuGungwa Dzvuku.
22 Tarirai gondo richabhururuka ndokudzika nesimba,
rakatambanudza mapapiro aro pamusoro peBhozira.
Pazuva iro mwoyo yemhare dzeEdhomu
ichafanana nomwoyo womukadzi orwadziwa.

*Chirevo pamusoro peDhamasiko*

23 Pamusoro peDhamasiko:
"Hamati neAripadhi avhundutswa,
nokuti agamuchira mashoko akaipa.
Aora mwoyo,
atambudzika segungwa risina zororo.
24 Dhamasiko harichina simba,
rakatendeuka kuti ritize,
kuvhunduka kukaribata;
kugomera nokurwadziwa zvakaribata,
kurwadziwa sekwomukadzi osununguka.
25 Guta remukurumbira harina kusiyiwa seiko,
iro guta randinofarira?
26 Zvirokwazvo majaya aro achawa mumigwagwa;
varwi varo vose vachati mwiro pazuva iroro,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
27 "Ndichatungidza moto kumasvingo eDhamasiko;
uchaparadza nhare dzose dzaBheni-Hadhadhi."

*Chirevo pamusoro peKedhari neHazori*

28 Pamusoro peKedhari noumambo hweHazori, hwakarwiswa naNeb-
hukadhinezari mambo weBhabhironi:
Zvanzi naJehovha:
"Simukai, murwise Kedhari
uye muparadze vanhu vokuMabvazuva.
29 Matende avo namapoka avo amakwai achatorwa;

matumba avo achatorwa achiendwa nawo,
nemidziyo yavo yose nengamera.
Vanhu vachadanidzira kwavari vachiti,
'Zvinhu zviri kutyisa kumativi ose!'

30 "Tizirai kure nokukurumidza!
Garai mumapako akadzika, imi vagari vomuHazari,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi aita zvakaipa pamusoro penyu;
aronga zano pamusoro penyu.

31 "Simukai mundorwisa rudzi rwakazvigarira zvarwo,
rugere zvarwo rusina hanya,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"irwo rudzi rusina masuo kana mazariro;
vanhu varwo vanogara voga zvavo.
32 Ngamera dzavo dzichapambwa,
uye mombe dzavo dzakawanda dzichapambwa.
Ndichaparadzira kumhepo avo vari kunyika dzokure,
uye ndichauyisa njodzi pamusoro pavo kubva kumativi ose,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
33 "Hazori richava ugaro hwamakava,
dongo nokusingaperi.
Hapana achagarako;
hakuna munhu achagara mariri."

*Chirevo pamusoro peEramu*

34 Iri ndiro shoko raJehovha rakasvika kuna Jeremia muprofita pamu-
soro peEramu, pakutanga kwokubata ushe kwaZedhekia mambo weJudha,
richiti:
35 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Tarirai, ndichavhuna uta hweEramu,
iwo musimboti wesimba ravo.
36 Ndichauyisa pamusoro paEramu mhepo ina,
kubva kumativi mana ematenga;
ndichavaparadzira kumhepo ina
uye hakungavi norudzi rumwe
kusingaendwi navavakidzani veEramu.
37 Ndichapwanya Eramu pamberi pavavengi vavo,
pamberi paivo vanotsvaka kuvauraya;
ndichauyisa njodzi pamusoro pavo,
iko kutsamwa kwangu kunotyisa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ndichavatevera nomunondo
kusvikira ndavapedza.
38 Ndichaisa chigaro changu choushe muEramu
uye ndichaparadza mambo wayo namachinda ayo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

39 "Asi ndichadzosa nhaka yeEramu
mumazuva okupedzisira,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 50

### *Chirevo pamusoro peBhabhironi*

1 Iri ndiro shoko rakataurwa naJehovha kubudikidza nomuprofita
Jeremia pamusoro peBhabhironi nenyika yavaBhabhironi:
2 "Zivisai, uye paridzai pakati pendudzi,
simudzai mureza uye paridzai;
musasiya kana chinhu, asi muti,
'Bhabhironi richakundwa;
Bheri richanyadziswa,
Merodhaki richazara nokutya.
Zvifananidzo zvaro zvichanyadziswa
uye zvifananidzo zvaro zvichazara nokutya.'
3 Rudzi runobva kumusoro rucharirwisa,
uye ruchaparadza nyika yaro.
Hakuna munhu achagaramo;
zvose vanhu nezvipfuwo zvichatizira kure.

4 "Mumazuva iwayo, nenguva iyoyo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"vanhu veIsraeri navanhu veJudha pamwe chete
vachaenda kundotsvaka Jehovha Mwari wavo vachichema.
5 Vachabvunza nzira inoenda kuZioni,
vagotendeutsira zviso zvavo kwairi.
Vachauya vagozvisunga kuna Jehovha,
nesungano isingaperi isingakanganwiki.

6 "Vanhu vangu vanga vari makwai akarasika;
vafudzi vavo vakavatsausa,
uye vakavaita kuti vadzungaire pamusoro pamakomo.
Vakadzungaira pamusoro pamakomo nezvikomo,
ndokukanganwa nzvimbo yavo yokuzorora.
7 Ani naani akavawana akavadya;
vavengi vavo vakati, 'Isu hatina mhosva,
nokuti vakatadzira Jehovha, iye mafuro avo echokwadi,
iye Jehovha, tariro yamadzibaba avo.'

8 "Tizai mubude muBhabhironi;
siyai nyika yavaBhabhironi,
mugoita sembudzi inotungamirira makwai.
9 Nokuti ndichamutsa Bhabhironi
uye ndichaisa pamusoro paro ndudzi huru dzakabatana dzinobva kumusoro.
Vachazvigadzirira kurwa naro,
uye richakundwa kubva nechokumusoro.
Miseve yavo ichava semhare pakurwa,
dzisingadzoki dzisina chadzakabata.
10 Naizvozvo Bhabhironi richapambwa;
vose vanoripamba vachawana mugove wavo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

11 "Nokuda kwokuti munofara nokufarisisa,
iyemi munopamba nhaka yangu,

nokuti munokwakuka setsiru rinopura zviyo,
muchirira samabhiza,
12 mai venyu vachanyadziswa kwazvo;
ivo vakakuberekai vachanyadziswa.
Vachava mudiki pandudzi, renje,
nenyika yakaoma, uye gwenga.
13 Nokuda kwokutsamwa kwaJehovha hamungagarwi,
asi richava dongo chose.
Vose vanopfuura pedyo neBhabhironi vachatyiswa,
uye vacharidza muridzo nokuda kwamavanga ake ose.

14 “Mirai panzvimbo dzenyu makakomba Bhabhironi,
imi mose munowembura uta.
Ripfurei! Musasiye kana museve nokuti rakatadzira Jehovha.
15 Pururudzai pamusoro pake kumativi ose!
Rakanda mapfumo pasi, shongwe dzaro dzawa,
masvingo aro akoromoka.
Sezvo kuri kutsiva kwaJehovha,
tsivai pariri; riitirei sezvarakaitira vamwe.
16 Bvisai mudyari muBhabhironi,
nomucheki nejeko rake pakukohwa.
Nokuda kwomunondo womumanikidzi
mumwe nomumwe ngaadzokere kuvanhu vake,
mumwe nomumwe ngaatizire kunyika yake.

17 “Israeri makwai akapararira
akadzingirwa kure neshumba.
Akatanga kumudya
akanga ari mambo weAsiria;
akapedzisira kupwanya mapfupa ake
ndiNebhukadhinezari mambo weBhabhironi.”
18 Naizvozvo zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri:
“Ndicharanga mambo weBhabhironi nenyika yake,
sokuranga kwandakaita mambo weAsiria.
19 Asi ndichadzosera Israeri kumafuro ake,
uye achafura paKarimeri nepaBhashani;
achadya akaguta
pazvikomo zveEfuremu neGireadhi.
20 Mumazuva iwayo, panguva iyoyo,”
ndizvo zvinotaura Jehovha,
“mhaka yaIsraeri ichatsvakwa,
asi pachange pasina mhosva,
uye zvivi zveJudha zvichatsvakwa,
asi hapana chichawanikwa,
nokuti ndichakanganwira vakasara vandakasiya.

21 “Rwisai nyika yeMarataimi
neavo vagere muPekodhi.
Dzingirirai, urayai uye muvaparadze zvachose,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Muite zvose zvandakurayirai.
22 Mheremhere yehondo iri munyika,
mheremhere yokuparadza kukuru!

23 Yavhunika nokupwanyika
seiko nyundo yenyika yose!
Bhabhironi rava dongo
seiko pakati pendudzi!
24 Ndakakuisira musungo, iwe Bhabhironi,
uye wakabatwa usati wazviziva;
wakawanikwa ukapambwa
nokuti wakapikisana naJehovha,
25 Jehovha akazarura dura rezvombo
ndokubudisa zvombo zvehasha dzake,
nokuti Ishe Jehovha Wamasimba Ose
ane basa rokuita munyika yavaBhabhironi.
26 Uyai murwe naro muchibva kure.
Zarurai matura aro; muriunganidze semirwi yezviyo.
Riparadzei zvachose, parege kuva navanosara.
27 Muuraye hondo diki dzaro dzose;
ngadziendeswe kundobayiwa! Vane nhamo!
Nokuti zuva ravo rasvika,
nguva yokurangwa kwavo.
28 Inzwai vanotiza navapoteri vanobva kuBhabhironi,
vanoparidza muZioni
kuti Jehovha Mwari wedu akatsiva sei,
kutsivira temberi yake.

29 "Kokerai vapfuri vemiseve varwe neBhabhironi,
vose vanowembura uta.
Rikombei rose;
ngakurege kuva nounopukunyuka.
Riripirei nokuda kwamabasa avo;
riitireiwo sezvarakaita.
Nokuti vakamhura Jehovha,
Iye Mutsvene weIsraeri.
30 Naizvozvo majaya aro achawira mumigwagwa;
varwi varo vose vachanyarara kuti mwiro pazuva iro,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
31 "Tarira, ndinorwa newe, iwe wokuzvikudza,"
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha Wamasimba Ose,
"nokuti zuva rako rasvika,
nguva yokurangwa kwako.
32 Anozvikudza achagumburwa agowa,
uye hapana achamusimudza;
ndichatungidza moto mumaguta ake
uchapisa vose vakamupoteredza."
33 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Vanhu veIsraeri vakamanikidzwa,
navanhu veJudha vakamanikidzwawo,
vapambi vavo vose vakavabata, zvakasimba,
vanoramba kuvaregedza kuti vaende.
34 Asi mudzikinuri wavo ane simba;
Jehovha Wamasimba Ose ndiro zita rake.
Achavareverera nhaka yavo
nesimba kuti azorodze nyika yavo,
asi achashayisa zororo kuna avo vanogara muBhabhironi.

35 “Munondo pamusoro pavaBhabhironi!”
ndizvo zvinotaura Jehovha,
“pamusoro peavo vagere muBhabhironi,
napamusoro pamachinda aro navakachenjera varo!
36 Munondo pamusoro pavaprofita
varo venhema! Vachava mapenzi.
Munondo pamusoro pemhare dzaro!
Vachazadzwa nokutya.
37 Munondo pamusoro pamabhiza nengoro dzaro,
napamusoro pavatorwa vose vari pazvigaro zvaro!
Vachava vakadzi.
Munondo pamusoro pepfuma yaro!
Ichapambwa.
38 Mvura yaro zhinji ngaipwe!
Ichaoma.
Nokuti inyika yezvifananidzo,
zvifananidzo zvichapenga nokutya.

39 “Saka mhuka dzomugwenga namapere zvichagarako,
uye zizi richagara imomo.
Haichazogarwizve,
uye hapana achagaramo kusvikira kumarudzi namarudzi.
40 Sokukoromorwa kwakaitwa Sodhomu neGomora naMwari
pamwe chete namaguta akavakidzana nawo,”
ndizvo zvinotaura Jehovha,
“saizvozvo hakuna achagarako;
hakuna munhu achagara mairi.

41 “Tarirai! Hondo inobva nechokumusoro;
rudzi rukuru namadzimambo mazhinji
ari kumutswa kubva kumagumo enyika.
42 Vakapakata uta namapfumo;
vano utsinye uye havana tsitsi.
Vanotinhira segungwa
vakatasva mabhiza avo;
vanouya vakaita savarume vakagadzirira kurwa,
kuti vakurwise, iwe Mwanasikana weBhabhironi.
43 Mambo weBhabhironi akanzwa guhu pamusoro pavo,
maoko ake akapera simba.
Kutya kwakamubata,
kurwadziwa sekwomukadzi wosununguka.
44 Seshumba inouya ichibva mudondo reJorodhani
ichienda kumafuro akapfuma,
ndichadzinga Bhabhironi kubva munyika yayo pakarepo.
Ndianiko akatsaurwa wandichagadza pane izvi?
Ndiani akaita seni uye ndiani achamisidzana neni?
Uye ndoupi mufudzi angandidzivisa?”
45 Naizvozvo, inzwai zvakarongwa naJehovha pamusoro peBhabhironi,
zvaakaronga pamusoro penyika yavaBhabhironi:
Makwayana emapoka avo achakwekweredzerwa kure;
achaparadza mafuro awo zvachose nokuda kwavo.
46 Pachanzwikwa kutinhira kwokukundwa kweBhabhironi, nyika ichadedera;

kuchema kwayo kuchanzwikwa pakati pamarudzi.

## 51

1 Zvanzi naJehovha:
“Tarirai, ndichamutsa mwoyo womuparadzi
pamusoro peBhabhironi navanhu veRebhi Kamai.
2 Ndichatumira vatorwa kuBhabhironi
kundorirurudza nokuparadza nyika yaro;
vacharirwisa kumativi ose, pazuva rokuparara kwaro.
3 Musarega mupfuri achiwembura uta hwake,
kana kumurega achipfeka nhumbi dzake dzokurwa.
Regai kunzwira majaya aro tsitsi;
paradzai hondo yaro zvachose.
4 Vachawira pasi vaurayiwa muBhabhironi,
vachakuvadzwa mumigwagwa zvokuti havazorarami.
5 Nokuti Israeri neJudha havana kuraswa
naMwari wavo, iye Jehovha Wamasimba Ose,
kunyange nyika yavo yakazara nemhaka
pamberi poMutsvene waIsraeri.

6 “Tizai mubve muBhabhironi!
Mhanyai muponese upenyu hwenyu!
Regai kuparadzwa nokuda kwezvivi zvaro.
Inguva yokutsiva kwaJehovha;
iye achariripira zvarinokodzera.
7 Bhabhironi rakanga riri mukombe wegoridhe muruoko rwaJehovha;
rakadhakisa nyika yose.
Ndudzi dzakanwa waini yaro;
naizvozvo dzava kupenga.
8 Bhabhironi richawa pakarepo rigoondomoka.
Ungudzai pamusoro paro!
Torai muti webharisamu murape kurwadziwa kwaro;
zvimwe ringaporeswa.

9 “ ‘Taida kuporesa Bhabhironi,
asi haringaporeswi;
ngatirisiyei mumwe nomumwe aende kunyika yake,
nokuti kutongwa kwaro kunosvika kumatenga,
kunokwira kusvikira kumakore.’

10 “ ‘Jehovha akati hatina mhosva;
uyai, tiparidze muZioni
zvakaitwa naJehovha Mwari wedu.’

11 “Rodzai miseve,
torai nhoo!
Jehovha akamutsa madzimambo avaMedhia,
nokuti akaronga kuparadza Bhabhironi.
Jehovha achatsiva,
kutsivira temberi yake.
12 Simudzai mureza pamusoro pamasvingo eBhabhironi!
Simbisai varindi,
isai nharirire panzvimbo dzavo,

gadzirirai vanovandira.
Jehovha achaita zvaakaronga,
zvaakatema pamusoro pavanhu veBhabhironi.
13 Imi mugere pedyo nemvura zhinji
uye makapfuma kwazvo,
magumo enyu asvika,
nguva yokuti muparadzwe.
14 Jehovha Wamasimba Ose akapika naiye amene achiti:
Zvirokwazvo ndichakuzadza navarume, sezvinoitwa nechimokoto chemhashu,
uye vachapembera nokuti vanenge vakukundai.

15 "Akaita nyika nesimba rake;
akateya nheyo dzenyika nouchenjeri hwake,
akatatamura matenga nokunzwisisa kwake.
16 Paanotinhira, mvura yomumatenga inotinhira;
anokwidza makore kubva kumigumo yenyika.
Anotuma mheni pamwe chete nemvura,
uye anouyisa mhepo kubva mumatura ake.

17 "Munhu mumwe nomumwe haana pfungwa uye haana zivo;
mupfuri mumwe nomumwe wesimbi anonyadziswa nezvifananidzo zvake.
Zvifananidzo zvake ndezvenhema;
hazvina mweya mazviri.
18 Hazvina maturo, zvinhu zvinosekwa;
kana kutongwa kwazvo kwasvika, zvichaparadzwa.
19 Iye Mugove waJakobho haana kufanana naizvozvi,
nokuti ndiye Muiti wezvinhu zvose,
pamwe chete norudzi rwenhaka yake,
Jehovha Wamasimba Ose ndiro zita rake.

20 "Ndiwe tsvimbo yangu yehondo,
chombo changu chokurwa,
newe ndinoparadza ndudzi,
newe ndinoparadza umambo,
21 newe ndinoparadza bhiza nomutasvi,
newe ndinoparadza ngoro nomuchairi,
22 newe ndinoparadza murume nomukadzi,
newe ndinoparadza mutana nejaya,
newe ndinoparadza jaya nomurandakadzi,
23 newe ndinoparadza mufudzi neboka,
newe ndinoparadza murimi nenzombe,
newe ndinoparadza vatongi namachinda.
24 "Ndicharipira Bhabhironi navose vagere muBhabhironi pamberi pako, nokuda kwezvakaipa zvavakaita muZioni," ndizvo zvinotaura Jehovha.
25 "Ndine mhosva newe, iwe gomo rinoparadza,
iwe unoparadza nyika yose,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
"Ndichatambanudzira ruoko rwangu kuti ndikurwise,
ndigokukungurusira kumawere,

ndigokuita gomo rakatsva.
26 Hapana dombo richabviswa kwauri kuti riitwe dombo rekona,
kana dombo remhepo,
nokuti uchaparadzwa nokusingaperi,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

27 “Simudzai mureza munyika!
Ridzai hwamanda pakati pendudzi!
Gadzirirai ndudzi kuti dzizorwa naye;
kokai ushe uhu kuzorwa naye:
Ararati, Mini neAshikenazi.
Gadzai mukuru wehondo kuti arwe naye;
tumirai mabhiza akaita sechimokoto chemhashu.
28 Gadzirirai ndudzi kuti dzizorwa naye,
madzimambo avaMedhia,
vabati vavo namachinda avo ose,
nenyika dzose dzavanotonga.
29 Nyika inodedera uye yomonyoroka,
nokuti zvakarongwa naJehovha pamusoro peBhabhironi hazvingatongokoni,
zvokuparadza nyika yeBhabhironi
kuti pasava nomunhu achagaramo.
30 Mhare dzeBhabhironi dzarega kurwa;
vakarambira munhare dzavo.
Simba ravo rapera;
vaita savakadzi.
Ugaro hwake hwakapiswa nomoto;
mazariro amasuo ake avhunika.
31 Anotumwa namagwaro achatevera mumwe,
uye nhume ichatevera nhume,
kundozivisa mambo weBhabhironi
kuti guta rake rose rapambwa,
32 mazambuko abatwa,
mapani apiswa nomoto,
uye varwi vavhundutswa.”
33 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri:
“Mwanasikana weBhabhironi afanana neburiro
panguva yokupura;
nguva yokumukohwa ichasvika zvino zvino.”

34 “Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi akatidya,
akatinyonganisa,
akatiita chirongo chisina chinhu.
Akatimedza senyoka,
uye akazadza dumbu rake nezvinonaka zvedu,
mushure maizvozvo akatisvipa.
35 Zvechisimba zvakaitwa panyama yedu ngazvive pamusoro peBhabhironi,”
ndizvo zvinotaura vanhu vomuZioni.
Jerusarema rinoti:
“Ropa redu ngarive pamusoro peavo vanogara muBhabhironi.”
36 Naizvozvo, zvanzi naJehovha:
“Tarirai, ndichakureverera mhaka yenyu

uye ndichakutsivirai;
ndichapwisa gungwa raro,
ndichapwisa matsime aro.
37 Bhabhironi richava murwi wamatombo,
ugaro hwamakava,
chinhu chinotyisa nechinosekesa,
nzvimbo isina anogaramo.
38 Vanhu vake vose vanoomba seshumba diki,
vanobhon'a sembwanana dzeshumba.
39 Asi kana vamutswa,
ndichavagadzirira mutambo
ndigovadhakisa,
kuitira kuti varidze mhere yokuseka,
vagovata nokusingaperi uye varege kumuka,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
40 "Ndichavaburutsa pasi
semakwayana ari kundourayiwa,
semakondobwe nembudzi.

41 "Haiwa, Sheshaki richakundwa sei,
kuzvirumbidza kwenyika yose kwabatwa!
Bhabhironi rava dongo sei
pakati pendudzi!
42 Gungwa richakwira pamusoro peBhabhironi;
mafungu aro anovirima acharifukidza.
43 Maguta aro achaparadzwa,
achava nyika yakaoma negwenga,
nyika isingagarwi nomunhu,
isina angapfuura nemairi.
44 Ndicharanga Bheri muBhabhironi
ndigomuita kuti asvipe zvaamedza.
Ndudzi hadzichazomhanyiri kwaari.
Uye rusvingo rweBhabhironi ruchawa.

45 "Budai mariri, imi vanhu vangu!
Tizai kuti muponese upenyu hwenyu!
Tizai mubve pakutsamwa kunotyisa kwaJehovha.
46 Regai kuora mwoyo kana kutya
panotekeshera, runyerekupe munyika;
rumwe runyerekupe runonzwika gore rino, rumwe gore rinouya,
runyerekupe rwokurwisana munyika
uye rwomutongi achirwa nomumwe mutongi.
47 Nokuti zvirokwazvo nguva ichasvika
yandichatonga zvifananidzo zveBhabhironi;
nyika yaro yose ichanyadziswa,
uye vakaurayiwa varo vachawira pasi vose mukati maro.
48 Ipapo denga nenyika nezvose zviri mazviri
zvichapembera nomufaro pamusoro peBhabhironi,
nokuti vachabva nechokumusoro
vaparadzi vacharirwisa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

49 "Bhabhironi rinofanira kuwa nokuda kwavakaurayiwa vaIsraeri,

sezvakaita vakaurayiwa venyika yose
vakawa nokuda kweBhabhironi.
50 Imi makapunyuka pamunondo,
endai uye musamira-mira!
Murangarire Jehovha munyika iri kure,
uye murangarire Jerusarema."

51 "Takanyadziswa,
nokuti takatukwa
uye nyadzi dzinofukidza zviso zvedu,
nokuti vatorwa vakapinda
munzvimbo tsvene dzeimba yaJehovha."

52 "Asi mazuva anouya," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"andichatonga zvifananidzo zvaro,
uye munyika yake yose
vakakuvara vachagomera.
53 Kunyange dai Bhabhironi rikasvika kudenga,
uye rikasimbisa nhare yaro yakareba,
ndichatumira vaparadzi kuzorirwisa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

54 "Inzwi rokuchema rinobva kuBhabhironi,
inzwi rokuparadza kukuru
rinobva kunyika yavaBhabhironi.
55 Jehovha achaparadza Bhabhironi;
achanyaradza ruzha rwokunyongana kwaro.
Mafungu avavengi achaomba semvura zhinji;
kutinhira kwamanzwi avo kuchanzwikwa.
56 Muparadzi achauya kuzorwisa Bhabhironi;
varwi varo vachabatwa,
uye uta hwavo huchavhunwa.
Nokuti Jehovha ndiMwari wokutsiva;
achatsiva zvizere.
57 Ndichaita kuti machinda ake navakachenjera vake vadhakwe,
vabati, namachinda uye navarwi vakewo;
vachavata nokusingaperi uye havangamuki,"
ndizvo zvinotaura Mambo, ane zita rinonzi Jehovha Wamasimba Ose.
58 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose:
"Masvingo makobvu eBhabhironi achaparadzwa,
uye masuo aro akakwirira achapiswa;
vanhu vanongozvinetsa pasina,
mabasa endudzi ihuni dzomurazvo bedzi."
59 Iri ndiro shoko rakapiwa naJeremia kumuchinda Seraya
mwanakomana waNeria, mwanakomana waMaseya, paakaenda
kuBhabhironi naZedhekia mambo weJudha mugore rechina rokutonga
kwake. 60 Jeremia akanga anyora murugwaro pamusoro penjodzi dzose
dzaizouya pamusoro peBhabhironi, zvose zvakanga zvakanyorwa
pamusoro peBhabhironi. 61 Akati kuna Seraya, "Paunosvika
kuBhabhironi, uone kuti waverenga mashoko ose aya uchidanidzirisa.
62 Ipapo uti, 'Haiwa Jehovha, makati muchaparadza nzvimbo ino,
zvokuti hakuna munhu kana zvipfuwo zvingagaramo; ichaparadzwa
nokusingaperi.' 63 Paunopedza kuverenga rugwaro urwu, sungira ibwe

parwuri ugorukanda muna Yufuratesi. 64 Ipapo uti, 'Saizvozvo Bhabhironi
richanyura rikasazomukazve nokuda kwenjodzi yandichauyisa pamusoro
paro. Uye vanhu varo vachawa.' "
Mashoko aJeremia anogumira pano.

# 52

*Kuwa kweJerusarema*

1 Zedhekia akanga ana makore makumi maviri nerimwe paakatanga
kuva mambo, uye akatonga muJerusarema kwemakore gumi nerimwe.
Zita ramai vake rainzi Hamutari mwanasikana waJeremia; aibva kuRib-
hina. 2 Akaita zvakaipa pamberi paJehovha, sezvakangoitwa naJe-
hoyakimi. 3 Izvi zvakaitika kuJerusarema neJudha nokuda kwehasha
dzaJehovha, uye pakupedzisira akavabvisa pamberi pake.
Zvino Zedhekia akamukira mambo weBhabhironi.
4 Naizvozvo mugore rechipfumbamwe rokutonga kwaZedhekia, pazuva
regumi romwedzi wegumi, Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi
akasvika muJerusarema nehondo yake yose. Vakadzika misasa yavo
kunze kweguta ndokuvaka nhare dzairipoteredza. 5 Guta rakaramba
rakakombwa kusvikira pagore regumi nerimwe ramambo Zedhekia.
6 Pazuva rechipfumbamwe romwedzi wechina nzara yakanyanya
muguta zvokuti makanga musisina chokudya chokuti vanhu vadye.
7 Ipapo rusvingo rweguta rwakapwanyiwa, hondo yose ikatiza. Vakabuda
muguta usiku napasuo raiva pakati pamasvingo maviri pedyo nebindu
ramambo, kunyange zvazvo vaBhabhironi vakanga vakakomberedza guta.
Vakatiza vakananga kuArabha, 8 asi hondo yavaBhabhironi yakatevera
Mambo Zedhekia vakamubata mumapani eJeriko. Varwi vake vose
vakaparadzaniswa naye ndokupararira, 9 iye akabatwa.
Vakamutora vakaenda naye kuna mambo weBhabhironi paRibhira
munyika yeHamati, iye akamutongerapo. 10 Mambo weBhabhironi
akauraya vanakomana vaZedhekia paRibhira ipapo, iye achizviona; akau-
rayirwa machinda ose eJudha. 11 Ipapo akatumbura meso aZedhekia
ndokumusunga namatare akamuendesa kuBhabhironi, uko kwaakamuisa
mutorongo kusvikira pazuva rokufa kwake.
12 Pazuva regumi romwedzi wechishanu, mugore regumi namap-
fumbamwe raNebhukadhinezari mambo weBhabhironi, Nebhuzaradhani
mukuru wavarindi vamambo, uyo akashandira mambo weBhabhironi,
akauya kuJerusarema. 13 Akapisa temberi yaJehovha, nomuzinda
wamambo nedzimba dzose dzeJerusarema. Dzimba dzose dzaikosha
akadzipisa. 14 Hondo yose yavaBhabhironi yaiva pasi pemukuru
wavarindi vamambo yakaputsira pasi masvingo ose aikomberedza
Jerusarema. 15 Nebhuzaradhani mukuru wavarindi akaendesa kuutapwa
vamwe vakanga vari varombo chaivo navaya vakasara muguta, pamwe
chete noruzhinji rwemhizha navaya vakanga vazvipira kuna mambo weB-
habhironi. 16 Asi Nebhuzaradhani akasiya ruzhinji rwavarombo chaivo
venyika iyo kuti vashande muminda yemizambiringa uye nemimwewo
minda.
17 VaBhabhironi vakaputsa mbiru dzendarira, nezvingoro zvinofamba
neGungwa rendarira zvakanga zviri mutemberi yaJehovha vakatakura
ndarira yose vakaenda nayo kuBhabhironi. 18 Vakatorawo hari, ne-
foshoro, nembato dzemwenje, nomukombe namadhishi nemidziyo yose

yendarira yaishandiswa pabasa romutemberi. 19 Mukuru wavarindi va-
mambo akatakurawo mbiya, nezvaenga, nemikombe nehari, nezvigadziko
zvemwenje, namadhishi nemikombe yaishandiswa pazvipiriso zvokunwa,
zvose zvakanga zvakagadzirwa negoridhe yakanatswa kana sirivha.
20 Ndarira yaibva pambiru mbiri, neGungwa, nehando dzendarira
gumi nembiri dzaiva pasi pacho, nezvingoro zvakanga zvaitirwa tem-
beri yaJehovha namambo Soromoni, zvakanga zvisingagoni kuyerwa.
21 Mbiru imwe neimwe yakanga ina makubhiti gumi namasere* pakureba
uye makubhiti gumi namaviri† pakupoterera; paukobvu imwe neimwe
yaisvika minwe mina uye yaiva nemhango. 22 Musoro wendarira waiva
pane imwe mbiru wakanga wakareba makubhiti anosvika mashanu‡
uye wakashongedzwa nezvakarukwa namatamba endarira zvaipoteredza.
Imwe mbiru yakanga yakafanana nayo namatamba ayowo. 23 Pakanga
pane matamba makumi mapfumbamwe namatanhatu kumativi; uwandu
hwamatamba aiva pamusoro pezvakarukwa zvakanga zvakapoteredzwa
hwaiva zana.
24 Mukuru wavarindi akatora vasungwa vaiti, Seraya muprista mukuru,
naZefania muprista aimutevera pachigaro uye navarindi vokumukova
vatatu. 25 Kuna avo vaiva muguta akatora muchinda mukuru wavarwi,
uye vapi vamazano vanomwe. Akatorawo munyori uyo akanga ari mubati
mukuru aiva nebasa rokunyora mazita avanhu venyika uye navamwe
varume makumi matanhatu vakawanikwa muguta. 26 Nebhuzaradhani
mukuru wavarindi akavatora vose akavauyisa kuna mambo weBhabhi-
roni paRibhira. 27 Ipapo paRibhira, munyika yeHamati, mambo akaita
kuti vaurayiwe.
Saka vaJudha vakaenda kuutapwa, kure nenyika yavo.

28 Uhu ndihwo uwandu hwavanhu vakatorwa naNebhukadhinezari achienda navo kuutapwa:

mugore rechinomwe,
zviuru zvitatu zvina makumi maviri navatatu, zvavaJudha;
29 mugore regumi namasere raNebhukadhinezari,
mazana masere namakumi matatu navaviri avanhu vaibva kuJerusarema;
30 mugore rake ramakumi maviri namatatu,
vaJudha mazana manomwe namakumi mana navashanu vakaendeswa kuutapwa naNebhuzaradhani mukuru wavarindi vamambo.

Vose vaiva zviuru zvina namazana matanhatu pamwe chete.

*Jehoyakini anosunungurwa*

31 Mugore ramakumi matatu namanomwe rokutapwa kwaJehoyakini
mambo weJudha, mugore rakava Evhiri-Merodhaki mambo weBhab-
hironi, akasunungura Jehoyakini mambo weJudha, uye akamusunun-
gura kubva mutorongo pazuva ramakumi maviri namashanu romwedzi
wegumi nemiviri. 32 Akataura zvakanaka kwaari uye akamupa chigaro
chaikudzwa kupfuura zvigaro zvamamwe madzimambo vaakanga anavo
muBhabhironi. 33 Saka Jehoyakini akabvisa nguo dzake dzousungwa
akadya patafura yamambo nguva nenguva, mazuva ose oupenyu hwake.

* **52:21** 52:21 mamita angaita 8.1 † **52:21** 52:21 mamita angaita 5.5 ‡ **52:22** 52:22 mamita angaita 2.3

34 Zuva nezuva mambo weBhabhironi akapa Jehoyakini mugove wenguva
nenguva, mazuva ose oupenyu hwake, kusvikira pazuva rokufa kwake.

# KUUNGUDZA KWAJEREMIA

## 1

1 Ko, muguta zvamusisina vanhu,
iro rakanga rizere navanhu!
Zvarangova sechirikadzi,
iro rakanga riri guru pakati pendudzi!
Iro rakanga riri mambokadzi pakati penyika,
zvino rava nhapwa.

2 Rinochema zvikuru usiku,
misodzi iri pamatama aro.
Pakati pavadiwa varo vose
hakuna anorivaraidza.
Shamwari dzaro dzose dzarimukira;
dzava vavengi varo.

3 Shure kwokutambudzika nokushanda zvakaomarara,
Judha akaenda kuutapwa.
Anogara pakati pendudzi;
haawani nzvimbo yokuzorora.
Vose vaimudzinganisa vakamubata
ari pakati pokutambudzika kwake.

4 Nzira dzinoenda kuZioni dzinochema,
nokuti hakuna anouya kumitambo yaro yakatarwa.
Masuo aro ose haasisina vanhu,
vaprista varo vanogomera,
varandakadzi varo vanochema,
uye iro riri pakurwadziwa kukuru.

5 Vavengi varo ndivo vava vatongi varo;
vavengi varo vagere zvakanaka,
Jehovha akarivigira kutambudzika
nokuda kwezvivi zvaro zvizhinji.
Vana varo vakaenda kuutapwa,
vava nhapwa pamberi pavavengi.

6 Kuyevedza kwose kwabva
paMwanasikana weZioni.
Machinda aro aita senondo
dzashayiwa mafuro.
Mukushayiwa simba vakatiza
pamberi peanovadzinganisa.

7 Mumazuva okutambudzika nokudzungaira kwaro,
Jerusarema rinorangarira pfuma yose
yakanga iri yaro pamazuva akare.
Pakawira vanhu varo mumaoko omuvengi,
rakashaya anoribatsira.
Vavengi varo vakaritarisa,

vakariseka pakuparadzwa kwaro.

8 Jerusarema rakatadza zvikuru kwazvo,
naizvozvo rasvibiswa.
Vose vairikudza vorizvidza,
nokuti vakaona kushama kwaro;
iro pacharo rinogomera,
richidzokera shure.

9 Tsvina yaro yakanamatira panguo dzaro;
harina kurangarira ramangwana raro.
Kuwa kwaro kwakashamisa;
hakuna akarinyaradza.
"Haiwa Jehovha, tarirai kurwadziwa kwangu,
nokuti muvengi akunda."

10 Muvengi akatora
pfuma yaro yose;
rakaona ndudzi dzechihedheni
dzichipinda panzvimbo yaro tsvene,
avo vamakanga madzivisa
kupinda paungano yenyu.

11 Vanhu varo vose vanogomera
pavanotsvaka chingwa;
vanotsinhanisa pfuma yavo nezvokudya
kuti vazviraramise.
"Tarirai, imi Jehovha, uye murangarire,
nokuti ndava munhu akazvidzwa."

12 "Hamuna hanya here, imi mose munopfuura?
Tarirai pose pose muone.
Pano kutambudzika sokutambudzika kwangu here,
kwakaiswa pamusoro pangu,
kwakauyiswa naJehovha pamusoro pangu
pazuva rokutsamwa kwake kunotyisa?

13 "Akatuma moto kubva kumusoro-soro,
akautumira mumapfupa angu.
Akateya makumbo angu nomumbure
uye akandidzosera shure.
Akandisiya ndisina chinhu,
ndikapera simba zuva rose.

14 "Zvivi zvangu zvasungwa zvikaitwa joko;
namaoko ake zvakarukirwa pamwe chete,
zvauya pamutsipa wangu
uye Ishe apedza simba rangu.
Akandiisa mumaoko avanhu
vandisingagoni kukunda.

15 "Ishe akaramba
mhare dzose dziri pakati pangu;

akakokera hondo kuzondirwisa
kuzopwanya majaya angu.
Ishe akatsika-tsika Mhandara Mwanasikana waJudha
muchisviniro chake chewaini.

16 "Ndokusaka ndichichema
uye maziso angu achierera misodzi.
Hapana ari pedyo kuti andinyaradze,
hakuna anovandudza mweya wangu.
Vana vangu vari kutambudzika
nokuti muvengi akunda."

17 Zioni rinotambanudza maoko aro,
asi hakuna munhu anorinyaradza.
Jehovha akaisa chirevo pamusoro paJakobho,
kuti vavakidzani vake vave vavengi vake;
Jerusarema rava
chinhu chisina kunatswa pakati pavo.

18 "Jehovha akarurama,
asi ini ndakamukira murayiro wake.
Inzwai, imi vanhu mose;
onai kutambudzika kwangu.
Majaya angu navarandakadzi vangu
vakaenda kuutapwa.

19 "Ndakadana kushamwari dzangu
asi vakandipandukira.
Vaprista vangu navakuru vangu
vakafira muguta,
pavakanga vachitsvaka zvokudya
kuti vazviraramise.

20 "Tarirai, imi Jehovha kutambudzika kwangu!
Ndiri kurwadziwa mukati mangu,
uye ndakakanganisika mumwoyo mangu,
nokuti ndakakumukirai zvikuru.
Kunze, munondo unondiurayira hama;
mukati, munongova norufu.

21 "Vanhu vakanzwa kugomera kwangu,
asi hakuna anondinyaradza.
Vavengi vangu vose vakanzwa kutambura kwangu;
vanofara nezvamakaita.
Dai mauyisa henyu zuva ramakazivisa
kuti vagofanana nemi.

22 "Zvakaipa zvavo zvose ngazviuye pamberi penyu;
muvaitire
sezvamakaita kwandiri
nokuda kwezvivi zvangu zvose.
Kugomera kwangu kwawanda,
uye mwoyo wangu wapera simba."

# 2

1 Ishe akafukidza sei Mwanasikana weZioni
negore rokutsamwa kwake!
Akapotsera pasi kubwinya kweIsraeri,
kubva kudenga kusvika panyika;
haana kurangarira chitsiko chetsoka dzake
muzuva rokutsamwa kwake.

2 Ishe akamedza ugaro hwose hwaJakobho
akasavanzwira tsitsi;
mukutsamwa kwake akakoromorera pasi
nhare dzoMwanasikana weJudha.
Akawisira pasi umambo hwake namachinda ahwo
mukunyadziswa.

3 Mukutsamwa kwake kunotyisa akagura
nyanga dzose dzaIsraeri.
Akadzosa ruoko rwake rworudyi
pakasvika muvengi.
Akapisa muna Jakobho somurazvo womoto
unoparadza zvose zviri kumativi ose.

4 Akawembura uta hwake somuvengi;
ruoko rwake rworudyi rwagadzirira.
Somuvengi akauraya vose vaifadza kuona;
akadurura hasha dzake semoto
patende roMwanasikana weZioni.

5 Ishe akafanana nomuvengi;
akamedza Israeri.
Akamedza mizinda yake yose
uye akaparadza mhare dzake.
Akawedzera kuungudza nokuchema
kwoMwanasikana weJudha.

6 Akaparadza ugaro hwake sebindu;
akaparadza nzvimbo yake yokusanganira.
Jehovha akaita kuti Zioni rikanganwe
mitambo yaro yakatarwa namaSabata aro;
mukutsamwa kwake kunotyisa,
akaramba vose mambo nomuprista.

7 Ishe akaramba aritari yake
uye akasiya nzvimbo yake tsvene.
Akaisa mumaoko omuvengi
masvingo emizinda yake;
vakaita ruzha mumba maJehovha
sapazuva romutambo wakatarwa.

8 Jehovha akafunga kuparadza
rusvingo rwakakomberedza Mwanasikana weZioni.
Akatambanudza rwodzi rwokuyera
uye haana kudzosa ruoko rwake pakuparadza.

Akaita kuti mirwi namasvingo zviungudze;
zvose zvakaparara pamwe chete.

9 Masuo aro anyura muvhu,
akavhuna mazariro aro ndokuaparadza.
Mambo waro namachinda aro vakaenda kuutapwa pakati pendudzi,
murayiro hapachina,
uye vaprofita varo havachawanizve
zviratidzo zvinobva kuna Jehovha.

10 Vakuru voMwanasikana weZioni
vagere pasi vanyerere;
vamwaya guruva pamisoro yavo
ndokupfeka masaga.
Vakadzi vechidiki veJerusarema
vakotamisa misoro yavo pasi.

11 Meso angu aneta nokuchema,
ndiri kurwadziwa mukati mangu,
mwoyo wangu wadururirwa pasi
nokuti vanhu vangu vaparadzwa,
nokuti vana navacheche voziya
munzira dzomuguta.

12 Vanoti kuna vanamai vavo,
"Zvokudya newaini zviripiko?"
pavanoziya somurume akuvadzwa
munzira dzomuguta,
panodururwa upenyu hwavo.
Mumaoko avanamai vavo.

13 Ndingareveiko pamusoro pako?
Ndingakuenzanisa neiko,
iwe Mwanasikana weJerusarema?
Ndingakufananidze neiko,
kuti zvimwe ndikunyaradze,
iwe Mhandara Mwanasikana weZioni?
Vanga rako rakadzika segungwa.
Ndianiko achakuporesa?

14 Zviratidzo zvavaprofita vako
zvakanga zviri zvenhema uye zvisina maturo;
havana kubudisa zvivi zvako pachena
kuti vabvise kutapwa kwako,
zvirevo zvavakakupa
zvakanga zviri zvenhema uye zvaitsausa.

15 Vose vanopfuura nepauri
vacharova maoko vachikuseka;
vanoseka uye vanodzungudza misoro yavo
pamusoro peMhandara yeJerusarema vachiti:
"Ko, ndiro here guta rainzi
kukwana kworunako,

mufaro wenyika yose?”

16 Vavengi vako vose vanoshama miromo yavo
pamusoro pako;
vanoseka uye vanorumanya meno avo
vachiti, “Tarimedza.
Iri ndiro zuva ratanga takamirira;
takararama kuti tirione.”

17 Jehovha aita zvaakaronga;
azadzisa shoko rake,
raakatema kare.
Akakukoromora asina tsitsi,
akarega muvengi achifara pamusoro pako,
akasimudza runyanga rwavavengi vako.

18 Mwoyo yavanhu
inodana kuna She.
Iwe rusvingo rwoMwanasikana weZioni,
rega misodzi yako iyerere sorwizi
masikati nousiku;
usazvipa zororo,
meso ako asazorora.

19 Simuka, danidzira usiku,
panotanga varindi vousiku;
durura mwoyo wako semvura
pamberi paShe.
Simudzira maoko ako kwaari
nokuda kwoupenyu hwavana vako,
vanoziya nenzara
pamavambo enzira dzose.

20 “Tarirai, imi Jehovha, murangarire kuti:
Ndiani wamakamboitira zvakadai?
Ko, vakadzi vanofanira kudya vana vavo,
ivo vana vavakarera here?
Ko, vaprista navaprofita vangaurayirwa
munzvimbo tsvene yaShe here?

21 “Majaya navatana vavata pamwe chete
muguruva romunzira;
majaya angu navarandakadzi vangu
vaurayiwa nomunondo.
Makavauraya pazuva rokutsamwa kwenyu;
makavabaya musina tsitsi.

22 “Sokukokera kwamunoita zuva romutambo,
saizvozvo makandikokera kutyisa kumativi ose.
Pazuva rokutsamwa kwaJehovha
hakuna akapunyuka kana kurarama;
vaya vandakachengeta uye ndikarera,
vaparadzwa navavengi vangu.”

# 3

1 Ndini munhu akaona kutambudzika
neshamhu yehasha dzake.
2 Akandidzingira kure akaita kuti ndifambe
murima panzvimbo yomuchiedza;
3 zvirokwazvo, akashandura ruoko rwake kuti rundirwise
nguva nenguva, zuva rose.

4 Akasakadza ganda rangu nenyama yangu
uye akavhuna mapfupa angu.
5 Akandikomba akandipoteredza
neshungu nokurwadziswa.
6 Akandigarisa murima
savanhu vakafa kare kare.

7 Akandipfigira kuti ndisapunyuka,
akandiremedza nengetani.
8 Kunyange ndikadana kana kuridza mhere kuti ndibatsirwe,
anopfigira munyengetero wangu kunze.
9 Akadzivira nzira yangu namatombo;
akaminamisa nzira dzangu.

10 Sebere rakavandira,
seshumba yakavanda,
11 akandikwekweredza kubva munzira uye akandibvarura-bvarura
akandisiya ndisina mubatsiri.
12 Akawembura uta hwake
akandiita chinhu chinonangwa nemiseve yake.

13 Akabaya mwoyo wangu
nemiseve yaibva mugoba rake.
14 Ndakava chiseko chavanhu vangu vose;
vakandihomera nenziyo pazuva rose.
15 Akandigutsa nemiriwo inovava,
uye akandinwisa nduru.

16 Akagura mazino angu nerukangarabwe;
akanditsokodzera muguruva.
17 Ndakatorerwa rugare;
ndakakanganwa kuti kubudirira chii.
18 Naizvozvo ndinoti, “Kubwinya kwangu kwaenda,
uye nezvose zvandanga ndakatarisira kuna Jehovha.”

19 Ndinorangarira kutambudzika kwangu nokudzungaira kwangu,
kurwadziwa uye nenduru.
20 Ndinozvirangarira kwazvo,
uye mweya wangu wasuruvara mukati mangu.
21 Asi izvi ndinozvirangarira mupfungwa
uye naizvozvo ndine tariro:

22 Nokuda kwerudo rukuru rwaJehovha, hatina kuparadzwa,

nokuti tsitsi dzake hadzitongoperi.
23 Itsva mangwanani oga oga,
kutendeka kwenyu kukuru.
24 Ndinoti kumwoyo wangu, “Jehovha ndiye mugove wangu;
naizvozvo ndichamumirira.”

25 Jehovha akanaka kuna avo vanovimba naye,
kumunhu anomutsvaka;
26 chinhu chakanaka kumirira
ruponeso rwaJehovha unyerere.
27 Chinhu chakanaka kuti munhu atakure joko
achiri mudiki.

28 Ngaagare ari oga anyerere,
nokuti Jehovha ndiye akariturika paari.
29 Ngaavige chiso chake muguruva,
zvimwe tariro ichiripo.
30 Ngaape dama rake kumunhu anomurova,
uye ngaazadzwe nenyadzi.

31 Nokuti vanhu havangaraswi
naIshe nokusingaperi.
32 Kunyange achiuyisa kusuwa, achanzwira hake tsitsi,
rukuru sei rudo rwake rusingaperi.
33 Nokuti haafariri kuuyisa kurwadziwa
kana kusuwa kuvana vavanhu.

34 Kutsikira pasi petsoka
vasungwa vose venyika,
35 kurambira munhu kodzero yake
pamberi peWokumusoro-soro,
36 kutadzisa munhu kuwana kururamisirwa kwake
ko, Ishe haangaoni zvinhu zvakadai here?

37 Ndiani angataura akaita kuti zviitike
kana Ishe asina kuzvirayira?
38 Ko, hazvibvi mumuromo weWokumusoro-soro here
zvose zvakaipa nezvinhu zvakanaka zvinouya?
39 Ko, munhu mupenyu anonyunyutirei
kana arangwa nokuda kwezvivi zvake?

40 Ngatinzverei nzira dzedu uye ngatidziedzei,
uyewo ngatidzokerei kuna Jehovha.
41 Ngatisimudzei mwoyo yedu namaoko edu
kuna Mwari ari kudenga, tigoti:
42 “Takatadza uye takakumukirai
uye imi hamuna kukanganwira.

43 “Makazvifukidza nokutsamwa mukatidzingirira;
makauraya musinganzwiri ngoni.
44 Makazvifukidza negore
kuti kurege kuva nomunyengetero ungasvikako.

45 Makatiita marara netsvina
pakati pendudzi.

46 “Vavengi vedu vose vakashama miromo yavo
kwazvo kuti vatituke.
47 Takawirwa nokutya uye takateyiwa nehunza,
kuparara nokuparadzwa kukuru.”
48 Hova dzemisodzi dzinoyerera kubva mumaziso angu,
nokuti vanhu vangu vaparadzwa.

49 Meso angu acharamba achiyerera misodzi,
pasina zvinoyamura,
50 kusvikira Jehovha aringira pasi
kubva kudenga akaona.
51 Zvandinoona zvinochemedza mweya wangu,
nokuda kwavakadzi vose veguta rangu.

52 Avo vakanga vari vavengi vangu ini pasina chikonzero
vakandivhima seshiri.
53 Vakaedza kundiuraya mugomba
uye vakapotsera matombo kwandiri;
54 mvura zhinji yakafukidza musoro wangu,
uye ndakafunga kuti ndava pedyo nokufa.

55 Ndakadana zita renyu, imi Jehovha,
ndiri mugomba rakadzika.
56 Makanzwa kukumbira kwangu: “Regai kudzivira nzeve dzenyu
pandinochemera rubatsiro.”
57 Makaswedera pedyo pandakakudanai,
mukati, “Usatya.”

58 Haiwa Ishe, makandireverera mhaka yangu;
makadzikinura upenyu hwangu.
59 Makaona imi Jehovha, zvakaipa zvandakaitirwa.
Nditongerei mhaka yangu!
60 Makaona udzamu hwokutsva kwavo,
idzo rangano dzavo dzose pamusoro pangu.

61 Haiwa Jehovha, makanzwa kutuka kwavo,
idzo rangano dzavo dzose pamusoro pangu,
62 dzinozevezerwa nokungurumwa navavengi vangu
pamusoro pangu zuva rose.
63 Tarirai kwavari! Vakagara kana kumira,
vanondituka nenziyo dzavo.

64 Varipidzirei zvakavafanira, imi Jehovha,
zvakaitwa namaoko avo.
65 Isai chidziro pamwoyo yavo,
uye kutuka kwenyu ngakuve pamusoro pavo!
66 Vadzinganisei makatsamwa muvaparadze,
vabve pasi pamatenga aJehovha.

# 4

1 Haiwa, goridhe rasviba sei,
goridhe rakaisvonaka harichabwinyi sei!
Matombo matsvene aparadzirwa
kumusoro kwenzira imwe neimwe.

2 Haiwa vanakomana vanokosha veZioni,
kare vaimbokodzera chiero chavo chegoridhe,
zvino voonekwa sehari dzevhu,
iro basa ramaoko omuumbi wehari!

3 Kunyange makava anopa mazamu awo
kuti anwise vana vawo,
asi vanhu vangu vava vasina hanya
seshiri dzemhou dziri mugwenga.

4 Nokuda kwenyota rurimi rwomwana mucheche
runonamira mumukanwa make;
vana vanopemha chingwa,
asi hakuna anovapa.

5 Avo vaisidya zvinonaka
vava vapemhi mumugwagwa.
Avo vakarerwa vachifuka nguo dzepepuru
zvino vava kuvata pamadurunhuru edota.

6 Kurangwa kwavanhu vangu
kukuru kupinda kweSodhomu,
rakaparadzwa pakarepo
pasina ruoko rwakadzoka kuzoribatsira.

7 Machinda avo aipenya kupfuura chando,
uye akanga akachena kupfuura mukaka,
miviri yavo yakanga yakatsvuka kupfuura matombo anokosha amarubhi,
kuratidzika kwavo kwakaita sokwesafiri.

8 Asi zvino vasviba kupfuura chin'ai;
hapana angavaziva mumigwagwa.
Ganda ravo ranamira pamapfupa avo;
raoma zvokufanana nedanda.

9 Avo vakaurayiwa nomunondo vari nani
pane avo vanourayiwa nenzara;
vabayiwa nenzara, vaonda kwazvo
nokuda kwokushayiwa zvokudya zvinobva muminda.

10 Namaoko avo vakadzi vaiva nomwoyo munyoro
vakabika vana vavo,
vakava zvokudya zvavo,
pakaparadzwa vanhu vangu.

11 Jehovha akaratidza kutsamwa kwake kwose;
akadurura hasha dzake dzinotyisa.

Akabatidza moto paZioni
akapisa nheyo dzaro.

12 Madzimambo enyika haana kutenda,
kunyange navanhu vose vagere panyika,
kuti vavengi vangapinda
pamasuo eJerusarema.

13 Zvakaitika nokuda kwezvivi zvavaprofita varo
uye nokuda kwezvakaipa zvavaprista varo,
vakateura ropa
ravakarurama mukati maro.

14 Vanodzungaira munzira dzaro
savarume mapofu.
Vakasvibiswa neropa
zvokuti hapana angada kubata nguo dzavo.

15 Vanhu vanodanidzira kwavari vachiti, "Ibvai! Hamuna kuchena!
Ibvai! Ibvai! Musatibata!"
Panguva yokutiza nokudzungaira kwavo,
vanhu pakati pendudzi vanoti,
"Havangarambi vachigara pano."

16 Kutsamwa kwaJehovha kwavaparadzira;
haachavachengetedza.
Havana kukudza uprista,
uye havana kuremekedza vakuru.

17 Meso edu oonera madzerere,
tichitarisira rubatsiro rusingauyi;
tiri pashongwe dzedu takatarisira
rudzi rwaizotiponesa.

18 Vanhu vakatitevera kwose kwatakaenda,
zvokuti takatadza kufamba munzira dzedu chaidzo.
Magumo edu akanga ava pedyo, mazuva edu apera,
nokuti magumo akanga asvika.

19 Vaitidzinganisa vaimhanya kupfuura
makondo okudenga;
vakatidzinganisa napamusoro pamakomo
uye vakatigaririra murenje.

20 Muzodziwa waJehovha, iye mweya wedu wokufema chaiwo,
akanga abatwa mumisungo yavo.
Takafunga kuti mumumvuri wake
taizorarama pakati pendudzi.

21 Pembera ufare, iwe Mwanasikana weEdhomu,
iwe unogara munyika yeUzi.
Asi newewo uchapiwa mukombe uyu;
uchadhakwa uye uchazvibvisa nguo.

22 Iwe, Mwanasikana weZioni, kurangwa kwako kuchaguma;
haangawedzeri mazuva ako outapwa.
Asi, iwe Mwanasikana weEdhomu, acharanga chivi chako
agoratidza kuipa kwako.

# 5

1 Rangarirai Jehovha, zvakatiwira;
tarirai, mugoona kunyadziswa kwedu.
2 Nhaka yedu yakapiwa kuvatorwa,
misha yedu kumabvakure.
3 Tava nherera, hatina vabereki,
vanamai vedu sechirikadzi.
4 Tinofanira kutenga mvura yatinonwa;
huni dzedu dzinongowanikwa chete nomutengo.
5 Avo vanotidzinganisa vari pedyo pedyo;
taneta uye hatina zororo.
6 Takazviisa pasi peIjipiti neAsiria,
kuti tiwane chingwa chakakwana.
7 Madzibaba edu akatadza uye vakafa,
uye tava kurangwa nokuda kwavo.
8 Varanda vanotitonga,
uye hapana angatisunungura kubva pamaoko avo.
9 Tinowana chingwa chedu nokuisa upenyu hwedu munjodzi,
nokuda kwomunondo murenje.
10 Ganda redu rava kupisa sechoto,
nokuda kwokupisa kwenzara.
11 Vakachinya vakadzi muZioni,
mhandara, mumaguta eJudha.
12 Machinda akasungirirwa namaoko avo;
vakuru havakudzwi.
13 Majaya anoshanda paguyo;
vakomana vanotatarika vakatakura mitoro yehuni.
14 Vakuru vakabva pasuo reguta;
majaya akarega kuimba kwavo.
15 Mufaro mumwoyo medu waguma;
kutamba kwedu kwapinduka kukava kuchema.
16 Korona yawa kubva pamusoro wedu.
Tine nhamo isu, nokuti takatadza!
17 Nokuda kwaizvozvi mwoyo yedu yapera simba,
nokuda kwezvinhu izvi meso edu otadza kuona,
18 nokuti Gomo reZioni rava dongo,
makava ofambamo.
19 Imi Jehovha, munotonga nokusingaperi;
chigaro chenyu choushe chiripo kuzvizvarwa zvose.
20 Sei muchigara muchitikanganwa?
Sei muchitikanganwa kwenguva yakareba kudai?
21 Tidzoserei kwamuri, Jehovha, kuti tigodzoka;
vandudzai mazuva edu senguva yekare,
22 kana musina kutiramba zvachose
kana kutitsamwira zvikuru kwazvo.

# EZEKIERI

*Zvisikwa Zvipenyu noKubwinya kwaJehovha*

1 Mugore ramakumi matatu, nomwedzi wechina pazuva rechishanu,
ndiri pakati pavakatapwa, paRwizi rweKebhari, matenga akazarurwa,
ndikaona zviratidzo zvaMwari.

2 Pazuva rechishanu romwedzi, riri gore rechishanu rokutapwa kwa-
Mambo Jehoyakini, 3 shoko raJehovha rakasvika kuna Ezekieri muprista,
mwanakomana waBhuzi paRwizi rweKebhari munyika yavaBhabhironi.
Ipapo, ruoko rwaJehovha rwakanga rwuri pamusoro pake.

4 Ndakatarira, ndikaona dutu remhepo richibva nechokumusoro, gore
guru rine mheni yaipenya uye rakakomberedzwa nechiedza chaibwinya.
Pakati pomoto paitarisika sedare rinopfuta, 5 uye mumoto makanga mune
zvakanga zvakaita sezvisikwa zvipenyu zvina. Pakuonekwa kwazvo,
chimiro chazvo chakanga chiri chomunhu, 6 asi chimwe nechimwe
chazvo chakanga chine zviso zvina namapapiro mana. 7 Makumbo
azvo akanga akarurama; tsoka dzazvo dzakanga dzakaita sedzemhuru
uye dzichipenya sendarira yakabwinyiswa. 8 Zvakanga zvina maoko
omunhu pasi pamapapiro azvo pamativi azvo mana. Zvose zviri zvina
zvaiva nezviso namapapiro, 9 uye mapapiro azvo aigunzvana. Chimwe
nechimwe chazvo chaienda mberi chakarurama; zvakanga zvisingacheuki
pakufamba kwazvo.

10 Zviso zvazvo zvairatidzika sezvizvi: chimwe nechimwe pauna
hwazvo chaiva nechiso chomunhu, uye kurudyi, chimwe nechimwe
chaiva nechiso cheshumba, uye kuruboshwe, chiso chenzombe; chimwe
nechimwe chaiva nechiso chegondo. 11 Ndizvo zvakanga zvakaita zviso
zvazvo. Mapapiro azvo akanga akatambanudzirwa kumusoro; chimwe
nechimwe chakanga china mapapiro maviri rimwe richigunzva bapiro
rechimwe chisikwa kumativi ose, uye mapapiro maviri akafukidza
muviri wacho. 12 Chimwe nechimwe chainanga mberi chakarurama.
Kwose kwaienda mweya, ndiko kwazvaienda, zvisingacheuki pakufamba
kwazvo. 13 Kuonekwa kwezvisikwa zvipenyu izvi kwakanga kwakaita
samazimbe omoto anopfuta, kana somwenje. Moto waienda mberi
uchidzoka pakati pezvisikwa; wakanga uchipenya, uye mheni yaipenya
mauri. 14 Zvisikwa zvaimhanya zvichienda mberi zvichidzoka semheni
inopenya.

15 Ndakati ndichitarira kuzvisikwa zvipenyu, ndakaona vhiri riri pasi
porutivi rwechisikwa chimwe nechimwe nezviso zvacho zvina. 16 Uku
ndiko kwaiva kuratidzika namagadzirirwo amavhiri acho: Akanga
achivaima sebwe rekristaro, uye zvose zviri zvina zvakanga zvakafanana
pakuonekwa kwazvo. Pakuonekwa kwawo napamagadzirirwo awo
akanga akaita sevhiri rimwe riri mukati merimwe vhiri. 17 Pakufamba
kwazvo, zvaigona kuenda neimwe yenzira ina dzakanga dzakatariswa
nezvisikwa zvina; mavhiri akanga asingatsauki zvisikwa pazvaifamba.
18 Marimu acho akanga akakwirira uye aishamisa, uye marimu ose ari
mana akanga azere nameso kwose kwose.

19 Zvisikwa zvipenyu zvaiti kana zvofamba, mavhiri aiva parutivi
ofambawo; uye kana zvisikwa zvipenyu zvikasimuka kubva pasi, mavhiri

aisimukawo. 20 Kwose kwaienda mweya, zvaiendawo, uye mavhiri
aisimuka pamwe chete nazvo, nokuti mweya wezvisikwa zvipenyu
wakanga uri mumavhiri. 21 Zvisikwa pazvaifamba, iwo aifambawo;
paimira zvisikwa, naiwo aimirawo; uye paingosimuka zvisikwa kubva
pasi, mavhiri aisimukawo pamwe chete nazvo, nokuti mweya wezvisikwa
zvipenyu wakanga uri mumavhiri.

22 Kumusoro kwemisoro yezvisikwa zvipenyu kwakanga
kwakawaridzwa chinhu chakanga chakaita sedenga, chaivaima
sechando uye chaishamisa. 23 Pasi pedenga mapapiro azvo akanga
akatambanudzwa, bapiro rechimwe chisikwa richinosangana nebapiro
rechimwe chisikwa, uye chimwe nechimwe chaiva namapapiro maviri
akanga akafukidza muviri wacho. 24 Zvisikwa zvaiti zvofamba, ndainzwa
kuunga kwamapapiro azvo, zvichitinhira semvura zhinji, senzwi
roWamasimba Ose, sebope ravarwi. Zvaiti zvikamira zvaideredza
mapapiro azvo.

25 Ipapo inzwi rakasvika richibva kumusoro kwedenga rakanga riri
pamusoro pazvo, pazvakanga zvakamira zvakaderedza mapapiro azvo.
26 Kumusoro kwedenga rakanga riri pamusoro pemisoro yazvo, kwakanga
kune chinhu chairatidzika sechigaro choushe chakanga chakaita sebwe re-
safuri uye pamusoro-soro pechigaro choushe pakanga pano mufananidzo
wakanga wakaita sewomunhu. 27 Ndakaona kuti pane zvairatidzika
sechiuno chake zvichikwira kumusoro, akanga akaita sedare romoto
unopenya, sokunge akazara nomoto, uye kubva ipapo zvichienda pasi,
airatidzika somoto; uye chiedza chaipenya kwazvo chakanga chaka-
mukomberedza. 28 Sezvakaita muraravungu uri mumakore pazuva roku-
naya kwemvura, izvozvo, ndizvo zvakanga zvakaita kubwinya kwakanga
kwakamukomberedza. Izvi ndizvo zvakanga zvakaita kuonekwa kwokub-
winya kwaJehovha.

Pandakazviona izvozvo, ndakawira pasi nechiso changu, ndikanzwa
inzwi romumwe akanga achitaura.

# 2

*Kudanwa kwaEzekieri*

1 Akati kwandiri, "Mwanakomana womunhu, simuka netsoka dzako
nditaure newe." 2 Akati achitaura, Mweya wakapinda mandiri ukandis-
imudza netsoka dzangu, ndikamunzwa achitaura neni.

3 Akati, "Mwanakomana womunhu, ndiri kukutuma kuvaIsraeri, ku-
rudzi runomukira irwo rwakandimukira; ivo namadzibaba avo vanga
vachingondipandukira kusvikira zuva ranhasi. 4 Vanhu vandinokutuma
kwavari, vakavangarara uye vakasindimara. Uti kwavari, 'Zvanzi naIshe
Jehovha.' 5 Uye kunyange vakanzwa kana kuti vakaramba kunzwa,
nokuti ivo imba inomukira, vachaziva kuti muprofita akanga ari pakati
pavo. 6 Uye iwe, mwanakomana womunhu, usavatya kana mashoko
avo. Usatya, kunyange wakakombwa neminzwa norukato uye ugere
pakati pezvinyavada. Usatya zvavanotaura kana kuvhundutswa navo,
kunyange vari imba inomukira. 7 Unofanira kutaura mashoko angu
kwavari kunyange vakateerera kana kuti vakaramba kuteerera, nokuti ivo
vanondimukira. 8 Asi iwe, mwanakomana womunhu, teerera zvandinoku-
udza. Usandimukira sezvinoita imba iyo inondimukira; shama muromo
wako udye zvandinokupa."

[9] Ipapo ndakatarira, ndikaona ruoko rwakatambanudzirwa kwandiri.
Marwuri makanga mune gwaro, [10] rakapetenurwa pamberi pangu.
Rakanga rakanyorwa kumativi aro ose mashoko okuchema nokuungudza
nenhamo.

# 3

[1] Akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, idya zviri pamberi pako,
idya rugwaro urwu, zvino ugoenda undotaura neimba yaIsraeri.” [2] Saka
ndakashama muromo wangu, iye akandipa rugwaro kuti ndidye.
[3] Ipapo akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, idya zviri pamberi
pako, idya rugwaro urwu rwandinokupa uzadze dumbu rako narwo.”
Saka ndakarudya, uye rwaitapira souchi mumukanwa mangu.
[4] Ipapo akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, chienda zvino
kuimba yaIsraeri undotaura mashoko angu kwavari. [5] Hausi kutumwa
kuvanhu vane mutauro usinganzwisisiki uye norurimi runogozha, asi
kuimba yaIsraeri, [6] kwete kumarudzi mazhinji vane mitauro isinganzwi-
sisiki norurimi rwakagozha, vana mashoko ausingagoni kunzwisisa.
Zvirokwazvo dai ndakanga ndakutuma kwavari, vangadai vakakunzwa.
[7] Asi imba yaIsraeri haidi kukuteerera nokuti haidi kunditeerera, nokuti
imba yose yaIsraeri yakaomeswa mwoyo uye yakavangarara. [8] Tarira
ndichaomesa chiso chako sezvakaita zviso zvavo. [9] Ndichaomesa huma
yako sebwe rakaomesesa, rakaoma kupfuura romusarasara. Usavatya
kana kuvhunduswa navo, kunyange vari imba inomukira.”
[10] Zvino akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, nditeererese uye
uise mashoko ose andinotaura mumwoyo mako. [11] Chienda zvino
kuvanhu venyika yako vari muutapwa undotaura kwavari. Uti kwavari,
‘Zvanzi naIshe Jehovha,’ kunyange vakateerera kana vakaramba kuteer-
era.”
[12] Ipapo mweya wakandisimudza, ndikanzwa shure kwangu inzwi
rokuunga kukuru richiti, “Kubwinya kwaJehovha ngakurumbidzwe
munzvimbo yaanogara!” [13] Uye ndakanzwa mubvumo wamapapiro
ezvisikwa zvipenyu aigunzvana uye nomubvumo wamavhiri parutivi
rwazvo, achirira zvikuru. [14] Ipapo Mweya wakandisimudza ukandiendesa
kure uye ndakaenda ndine shungu ndakatsamwa pamweya wangu, uye
ruoko rune simba rwaJehovha rwuri pamusoro pangu. [15] Ndakasvika
kuna vakatapwa vaigara kuTera Abhibhi pedyo noRwizi rweKebhari.
Zvino ipapo pavaigara, ndakagara pakati pavo kwamazuva manomwe,
ndichishayiwa mashoko.

*Yambiro kuIsraeri*

[16] Shure kwokupera kwamazuva manomwe, shoko raJehovha rakasvika
kwandiri richiti, [17] “Mwanakomana womunhu, ndakakuita nharirire
yeimba yaIsraeri; saka chinzwa shoko randinotaura uye uvayam-
bire neyambiro inobva kwandiri. [18] Kana ndikati kumunhu akaipa,
‘Uchafa zvirokwazvo,’ iwe ukasamuyambira kana kutaura uchimunyev-
era panzira dzake dzakaipa kuti uponese mweya wake, munhu uye akaipa
achafa nokuda kwechivi chake, asi ropa rake ndicharibvunza pamusoro
pako. [19] Asi kana iwe ukamuyambira asi iye akaramba kutendeuka
pazvakaipa zvake kana panzira dzake dzakaipa, iye achafa nokuda
kwechivi chake, asi iwe uchange wazviponesa.
[20] “Zvakare, kana munhu akarurama akatsauka pakururama kwake uye
akaita zvakaipa, ini ndikaisa chigumbuso pamberi pake, achafa. Sezvo

usina kumuyambira, iye achafa nokuda kwechivi chake. Zvakarurama
zvaakaita hazvizorangarirwi, uye iwe uchava nemhosva yeropa rake.
21 Asi kana ukanyevera munhu akarurama uyu kuti arege kutadza uye
akarega kutadza zvirokwazvo achararama nokuti akanzwa kunyeverwa,
iwe uchange wazviponesa."
22 Ruoko rwaJehovha rwakanga rwuri pamusoro pangu ipapo, uye akati
kwandiri, "Simuka uende kubani uye ndichataura newe ikoko." 23 Saka
ndakasimuka ndikaenda kubani. Uye kubwinya kwaJehovha kwakanga
kumire ipapo, kwakaita sokubwinya kwandakamboona paRwizi rweKeb-
hari, ndikawira pasi nechiso changu.
24 Ipapo Mweya wakapinda mandiri ukandisimudza netsoka dzangu.
Akataura kwandiri akati, "Enda undozvipfigira mumba mako. 25 Zvino
iwe, mwanakomana womunhu, vachakusunga netambo; uchasungwa
zvokuti haungabudi uchienda kuvanhu. 26 Ndichaita kuti rurimi rwako
runamire kumusoro kwomuromo wako kuitira kuti unyarare ukonewe
kuvatsiura, kunyange vari imba yokumukira. 27 Asi pandinotaura newe,
ndichazarura muromo wako uye uchati kwavari, 'Zvanzi naIshe Jehovha.'
Ani naani anonzwa ngaanzwe, uye ani naani anoramba ngaarambe hake;
nokuti ivo imba yokumukira.

# 4

*Kukombwa kweJerusarema kunofananidzwa*

1 "Zvino, Mwanakomana womunhu, tora chidhina chevhu, uchiise pam-
beri pako ugodhirowa Jerusarema pamusoro pacho. 2 Ipapo ugorikomba:
Umise nhare dzokurwa naro, uvake dhunduru revhu rokusvitsa pariri,
udzike misasa ugorikomberedza nezvokuparadza nazvo masvingo. 3 Ipapo
utore pani yesimbi, ugoimisa sorusvingo rwesimbi pakati pako iwe neguta
ugorinzira chiso chako kwariri. Richakombwa, uye iwe ucharikomba. Ichi
chichava chiratidzo kuimba yaIsraeri.
4 "Ipapo iwe ugovata norutivi rwako rworuboshwe ugoisa chivi che-
imba yaIsraeri pamusoro pako. Iwe unofanira kutakura chivi chavo
kwamazuva aunovata norutivi rwako. 5 Ndakakutarira mazuva mamwe
chetewo zvakaenzana namakore echivi chavo. Saka uchatakura chivi che-
imba yaIsraeri kwamazuva mazana matatu namakumi mapfumbamwe.
6 "Kana uchinge wapedza izvi, uvatezve pasi, panguva ino, norutivi
rwako rworudyi, ugotakura chivi cheimba yaJudha. Ndakakutarira
mazuva makumi mana, zuva rimwe pagore roga roga. 7 Urinzire
chiso chako wakatarira kukombwa kweJerusarema uye noruoko rwako
rwakashama uprofite pamusoro paro. 8 Ndichakusunga netambo kuitira
kuti ukonewe kutendeukira kune rumwe rutivi uchibva kune rumwe
kusvikira wapedza mazuva okukomba kwako.
9 "Utore gorosi nebhari, bhinzi nenyemba, mapfunde nesipereti; uzviise
mumudziyo wokuchengetera uzvibikire chingwa. Unofanira kuchidya
pamazuva mazana matatu namakumi mapfumbamwe wakavata norutivi.
10 Uyere mashekeri makumi maviri* ezvokudya kuti udye zuva rimwe ner-
imwe uye udye nenguva dzakatarwa. 11 Uyezve, uyere chikamu chimwe
chete muzvitanhatu chehini† yemvura ugoinwa nenguva dzakatarwa.
12 Udye chokudya chakaita sekeke rebhari sapaunoda; uzvibike pamberi
pavanhu, uchishandisa ndove yavanhu sehuni dzokubikisa." 13 Jehovha

* **4:10** 4:10 0.2 yekirogiramu † **4:11** 4:11 0.6 yerita

akati, “Nenzira iyi, vanhu veIsraeri vachadya zvokudya zvakasvibiswa pakati pendudzi uko kwandichavadzingira.”

14 Ipapo ndakati, “Kwete, Ishe Jehovha! Handina kumbozvisvibisa. Kubva pauduku hwangu kusvikira zvino handina kumbodya chinhu chipi zvacho chakawanikwa chakafa kana chakabvamburwa nezvikara. Hapana nyama yakasvibiswa yakambopinda mumukanwa mangu.”

15 Iye akati, “Zvakanaka, ndichakutendera kuti ubike chingwa chako nendove yemombe pachinzvimbo chetsvina yavanhu.”

16 Zvino akazoti kwandiri, “Mwanakomana womunhu, ndichamisa kupiwa kwezvokudya muJerusarema. Vanhu vachadya zvokudya zvakayerwa vachifunganya uye vachanwa mvura yakayerwa vapererwa,
17 nokuti zvokudya nemvura zvichashayikwa. Mumwe achavhunduka achiona mumwe uye vachaonda nokuda kwechivi chavo.

# 5

1 “Zvino, Mwanakomana womunhu, tora munondo unopinza ugoushandisa sechisvo chomugeri kuti uveure musoro wako nendebvu dzako.
Ipapo utore zviyero zviviri ugokamura bvudzi. 2 Panopera mazuva
okukomba kwako, upise nomoto chikamu chimwe chete kubva muzvitatu chebvudzi uri mukati meguta. Ugotora chimwe chikamu chimwe chete kubva muzvitatu uchiteme nomunondo uchipoteredza guta. Ugoparadzira chimwe chikamu chimwe chete kubva muzvitatu kumhepo. Nokuti
ini ndichavadzingirira nomunondo wakavhomorwa. 3 Asi utore rimwe
bvudzi shoma shoma uriise pamipendero yenguo dzako. 4 Uyezve, utore
rimwe shoma racho urikande mumoto ugoripisa. Moto uchapararira kubva ipapo uchienda kuimba yose yaIsraeri.

5 “Zvanzi naIshe Jehovha: Iri ndiro Jerusarema, randakaisa pakati
pendudzi, nenyika dzakaripoteredza. 6 Asi pakuipa kwaro rakamukira mirayiro yangu nemitemo yangu kupfuura ndudzi nenyika dzakaripoteredza. Rakaramba mirayiro yangu uye harina kutevera mitemo yangu.

7 “Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Wanga usingazvidzori kupfuura ndudzi dzakakupoteredza uye hauna kutevera mitemo yangu kana kuchengeta mirayiro yangu. Hauna kana kumbotevedzera tsika dzendudzi dzakakupoteredza.

8 “Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Ini iyeni ndinokurwisa iwe
Jerusarema, uye ndichakuranga pamberi pedzimwe ndudzi. 9 Nokuda
kwezvifananidzo zvako zvinonyangadza, ndichakuitira zvandisina kumboita kare uye handichazozviitizve. 10 Naizvozvo pakati pako madzibaba
vachadya vana vavo, uye vana vachadya madzibaba avo. Ndichakuranga
uye ndichaparadzira vakasara vako vose kumhepo zhinji. 11 Naizvozvo
noupenyu hwangu zvirokwazvo, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha, nokuti wakasvibisa nzvimbo yangu tsvene nezvakaumbwa zvako zvinonyangadza uye namaitiro ako anosemesa, ini ndimene ndichabvisa nyasha
dzangu kwauri handichakutarisi netsitsi kana kukuponesa. 12 Chikamu
chimwe chete kubva muzvitatu chavanhu vako vachafa nehosha kana kufa nenzara mukati mako; chimwe chikamu chimwe chete kubva muzvitatu chichawa nokuda kwomunondo kunze kwamasvingo ako; uye chimwe chikamu chimwe chete kubva muzvitatu ndichachiparadzira kumhepo zhinji ndigochitevera nomunondo wakavhomorwa.

13 “Ipapo kutsamwa kwangu kuchapera uye hasha dzangu dzichabva pamusoro pavo, uye ndichange ndatsiva. Uye hasha dzangu

padzichange dzapera pamusoro pavo, vachaziva kuti ini Jehovha ndazvitaura nokushingaira kwangu.

14 “Ndichakuita dongo nechinhu chinoshorwa pakati pendudzi dza-
kakupoteredza, pamberi pavose vanopfuura napo. 15 Uchava chinhu
chinoshorwa nechiseko, yambiro nechinhu chinotyisa kundudzi dza-
kakupoteredza pandinokuranga mukutsamwa nehasha dzangu uye ne-
chituko chinobaya. Ini Jehovha ndataura. 16 Pandinokupfura nemiseve
yangu yenzara, inouraya uye inoparadza, ndichapfura kuti ndikuparadze.
Ndichauyisa nzara pamusoro penzara pamusoro pako uye ndichamisa
kupiwa kwako zvokudya. 17 Ndichatuma nzara nezvikara kuti zvizokur-
wisa, uye zvichakusiya usisina mwana. Denda nokuteuka kweropa
zvichapfuura nomauri, uye ndichauyisa munondo pamusoro pako. Ini
Jehovha ndataura.”

# 6

*Chiprofita pamusoro paMakomo eIsraeri*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 “Mwanakomana wom-
unhu, rinzira meso ako kumakomo eIsraeri; uprofite pamusoro pawo
3 uchiti, ‘Imi makomo eIsraeri, inzwai shoko raIshe Jehovha. Zvanzi naIshe
Jehovha kumakomo nezvikomo, kuhova nokumipata: Ndava pedyo noku-
uyisa munondo kuti uzokurwisai, uye ndichaparadza nzvimbo dzenyu
dzakakwirira. 4 Aritari dzenyu dzichaondomorwa uye aritari dzenyu
dzezvinonhuhwira dzichaputswa; uye ndichauraya vanhu venyu pamberi
pezvifananidzo zvenyu. 5 Ndicharadzika zvitunha zvavaIsraeri pamberi
pezvifananidzo zvavo, uye ndichaparadzira mapfupa enyu pamativi ose
earitari dzenyu. 6 Pose pamunogara, maguta achaparadzwa uye nzvimbo
dzakakwirira dzichakoromorwa, kuitira kuti aritari dzenyu dziparadzwe
ave matongo, zvifananidzo zvenyu zvipwanyiwe uye zviparadzwe, aritari
dzenyu dzezvinonhuhwira dziputsirwe pasi, uye zvamakaita zvipedzwe
chose. 7 Vanhu venyu vachawira pasi ivo vaurayiwa pakati penyu, uye
muchaziva kuti ndini Jehovha.

8 “ ‘Asi ndichasiya vamwe, nokuti vamwe venyu vachapunyuka pa-
munondo pamuchaparadzirwa pakati penyika nendudzi. 9 Ipapo vaka-
punyuka vachandirangarira vari pakati pendudzi kwavakaendeswa kuu-
tapwa, kuti ndakashungurudzwa sei nemwoyo yavo youfeve, iyo yakat-
sauka kubva kwandiri, uye nameso avo, akachiva zvifananidzo zvavo.
Vachazvisema pachavo nokuda kwezvakaipa zvavakaita nezvinyangadzo
zvavo zvose. 10 Uye vachaziva kuti ndini Jehovha; handina kutaura pasina
kuti ndichauyisa njodzi iyi pamusoro pavo.

11 “ ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Rovai maoko enyu pamwe chete uye
mudzane-dzane netsoka dzenyu mudanidzire muchiti, “Maiwe!” nokuda
kwezvakaipa zvose nezvinonyangadza zveimba yaIsraeri, nokuti vachau-
rayiwa nomunondo, nzara nedenda. 12 Ari kure achaurayiwa nedenda,
uye ari pedyo achaurayiwa nomunondo, uye uyo achapona akararama,
achafa nenzara. Saka ndichapedzera hasha dzangu pamusoro pavo.
13 Uye vachaziva kuti ndini Jehovha, kana vanhu vavo vakaurayiwa vari
pakati pezvifananidzo zvavo zvakapoteredza aritari dzavo, napazvikomo
zvose zvakakwirira napamusoro pamakomo ose, napasi pemiti yakap-
fumvutira nemiti yomuouki yose ina mashizha panzvimbo dzavaipira
zvinonhuhwira kuzvifananidzo zvavo zvose. 14 Uye ndichatambanudza

ruoko rwangu kuti ndivarwise ndigoparadza nyika ndigoiita dongo kubva
kugwenga kusvikira kuDhibhira, kwose kwose kwavanogara. Ipapo
vachaziva kuti ndini Jehovha.' "

# 7

*Kuguma Kwasvika*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri, richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, zvanzi naIshe Jehovha kunyika yeIsraeri: Kuguma! Kuguma
kwasvika kumativi mana enyika. 3 Kuguma kwava pamusoro pako
zvino uye ndichatuma kutsamwa kwangu pamusoro pako. Ndichaku-
tonga zvakafanira tsika dzako ndigotsiva zvinyangadzo zvako zvose.
4 Handizokunzwiri ngoni kana kukuponesa; zvirokwazvo ndichakutsiva
zvakafanira tsika dzako nezvinyangadzo zviri pakati pako. Ipapo uchaziva
kuti ndini Jehovha.

5 "Zvanzi naIshe Jehovha: Njodzi! Njodzi isina kumbonzwikwa
nezvayo iri kuuya! 6 Kuguma kwasvika! Kuguma kwasvika! Kwamuka
kuti kuzokurwisai. Kwauya! 7 Kuparadzwa kwauya pamusoro pako,
iwe ugere panyika. Nguva yasvika, zuva rava pedyo; pava nokutya,
kwete mufaro, pamusoro pamakomo. 8 Ndava pedyo nokudurura
hasha dzangu pamusoro pako ndigopedzera kutsamwa kwangu pamusoro
pako; ndichakutonga zvakafanira mafambiro ako ndigotsiva zvinyan-
gadzo zvako zvose. 9 Handizombokunzwiri ngoni kana kukuponesa;
ndichakutsiva zvakafanira mafambiro ako nezvinyangadzo zviri pakati
pako. Ipapo uchaziva kuti ndini Jehovha ndiri kukurova.

10 "Zuva rasvika! Rauya! Kuparadzwa kwabuda, shamhu yabukira,
kuzvikudza kwatumbuka! 11 Kuita nechisimba kwakura kukava shamhu
yokuranga zvakaipa; hakuna mumwe wavanhu ava achasara, hakuna
pavazhinji vavo ivavo, kana pfuma kana chinokosha. 12 Nguva yauya, zuva
rasvika. Mutengi ngaarege kufara uye mutengesi ngaarege kusuwa, nokuti
hasha dziri pamusoro pavazhinji vose. 13 Mutengesi haangadzorerwi
nyika yaakanga atengesa kana vose vari vaviri vachiri vapenyu, nokuti
chiratidzo chakaonekwa pamusoro pavazhinji vose chichazozadziswa.
Nokuda kwezvivi zvavo, hakuna kana mumwe wavo achachengetedza
upenyu hwake. 14 Kunyange vakaridza hwamanda uye vakagadzirira
zvose, hapana achaenda kuhondo, nokuti hasha dzangu dziri pamusoro
pavazhinji vose.

15 "Kunze kuno munondo, mukati mune denda nenzara; vaya vari
musango vachafa nomunondo, uye vari muguta vachapedzwa nenzara
nedenda. 16 Vose vanorarama vachapunyuka vachange vari mumakomo,
vachirira senjiva dzomumipata, mumwe nomumwe nokuda kwezvivi
zvake. 17 Ruoko rumwe norumwe ruchapera simba uye ibvi rimwe
nerimwe richarukutika semvura. 18 Vachafuka nguo dzamasaga uye
vachafukidzwa nokutya. Zviso zvavo zvichafukidzwa nenyadzi uye mis-
oro yavo ichaveurwa. 19 Vachakanda sirivha yavo munzira dzomumisha,
uye goridhe yavo ichava chinhu chisina kuchena. Sirivha yavo negoridhe
ravo hazvingavaponesi pazuva rokutsamwa kwaJehovha. Hazvingapedzi
nzara yavo kana kugutsa matumbu avo nazvo, nokuti ndizvo zvakavagum-
busa vakapinda muchivi. 20 Vakanga vachizvikudza nokuda kwoukomba
hwavo hwakanaka uye vachihushandisa kuita zvifananidzo zvinonyan-
gadza nezviumbwa zvakaipisisa. Naizvozvo ndichashandura izvi, zvikava

chinhu chine tsvina kwavari. 21 Ndichazvipa zvose kuvatorwa sezv-
inhu zvakapambwa uye sepfuma ingapambwa navakaipa venyika, uye
vachazvisvibisa. 22 Ndichavafuratira uye vachasvibisa nzvimbo yangu
inokosha; mbavha dzichapinda mairi dzigoisvibisa.

23 "Gadzirai ngetani, nokuti nyika izere nokuteura ropa uye guta
rizere nokuita nechisimba. 24 Ndichauyisa vanhu vakaipisisa vendudzi
kuti vavatorere dzimba dzavo; ndichaita kuti kuzvikudza kwavane
simba kugume, uye nzvimbo dzavo tsvene dzichasvibiswa. 25 Kana
kutya kwauya, vachatsvaka rugare asi havangaruwani. 26 Kuchauya
njodzi pamusoro penjodzi uye guhu pamusoro peguhu. Vachaedza
kutsvaka chiratidzo kumuprofita; kudzidziswa murayiro nomuprista
kuchashayikwa, namazano anobva kuvakuruwo achashayikwa. 27 Mambo
achachema, muchinda achafukidzwa nokuora mwoyo, uye maoko avanhu
vomunyika achadedera. Ndichavaitira zvakafanira mafambiro avo, uye
ndichavatonga nemitemo yavo. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha."

# 8

*Zvifananidzo muTemberi*

1 Mugore rechitanhatu, mumwedzi wechitanhatu pazuva reshanu,
pandakanga ndirere mumba mangu uye vakuru veJudha vagere pam-
beri pangu, ruoko rwaIshe Jehovha rwakauya pamusoro pangu ipapo.
2 Ndakatarisa, ndikaona chimiro chakaita sechomunhu. Kubva ipapo
zvichikwira kumusoro, kuratidzika kwake kwainge kuchibwinya sedare
rinopisa. 3 Akatambanudza chakanga chakaita soruoko akandibata neb-
vudzi romusoro wangu. Mweya akandisimudza pakati penyika nedenga
uye muzviratidzo zvaMwari akanditora akandiendesa kuJerusarema,
kumukova wokusuo rokumusoro roruvazhe rwomukati, pakanga pamire
chifananidzo chinomutsa godo. 4 Uye ipapo pamberi pangu pakanga pane
kubwinya kwaMwari waIsraeri, sapachiratidzo chandakanga ndaona
mubani.

5 Ipapo akati kwandiri, "Mwanakomana womunhu, tarira kumusoro."
Naizvozvo ndakatarisa, uye pamukova wokumusoro kwesuo rearitari
ndakaona chifananidzo ichi chegodo.

6 Uye akati kwandiri, "Mwanakomana womunhu, unoona zvavari kuita
here, izvo zvinhu zvinonyangadza chose zvinoitwa neimba yaIsraeri pano,
zvinhu zvichandiisa kure neimba yangu tsvene? Asika, uchaona zvimwe
zvinhu zvinonyangadza kwazvo."

7 Ipapo akaenda neni kumukova wokuruvazhe. Ndakatarisa ndikaona
buri pamadziro. 8 Iye akati kwandiri, "Mwanakomana womunhu,
chichera zvino mumadziro." Saka ndakachera mumadziro ndikaona
mukova imomo.

9 Ipapo akati kwandiri, "Pinda mukati undoona zvinhu zvakaipa uye zvi-
nonyangadza zvavanoita pano." 10 Saka ndakapinda mukati ndikatarisa,
ndikaona mifananidzo pamadziro ose yezvinhu zvose zvinokambaira
uye nemhuka dzinonyangadza nezvifananidzo zvose zveimba yaIsraeri.
11 Pamberi pazvo pakanga pamire vakuru makumi manomwe veimba
yaIsraeri, uye Jaazania mwanakomana waShafani akanga akamira pakati
pavo. Mumwe nomumwe akanga akabata hadyana yezvinonhuhwira mu-
ruoko rwake, uye munhuwi wegore rezvinonhuhwira wakanga uchienda
kumusoro.

12 Iye akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, waona here zvinoitwa
navakuru veimba yaIsraeri murima, mumwe nomumwe pashongwe
yechifananidzo chake? Vanoti, ‘Jehovha haationi, Jehovha akaramba
nyika.’ ” 13 Akatizve, “Uchavaona vachiita zvinhu zvinonyangadza kup-
fuura izvi.”
14 Ipapo akaenda neni kumukova wokusuo rokumusoro weimba ya-
Jehovha, ndikaona vakadzi vagerepo, vachichema Tamuzi. 15 Akati
kwandiri, “Unoona here izvi, mwanakomana womunhu? Uchaona zvinhu
zvakatonyanya kuipa kupfuura izvi.”
16 Zvino akaenda neni kuruvazhe rwomukati meimba yaJehovha,
uye ipapo pamukova wetemberi, pakati pebiravira nearitari, pakanga
pana varume vaikarosvika makumi maviri navashanu. Vakafuratira
temberi yaJehovha uye zviso zvavo zvakatarisa kumabvazuva, vakanga
vachipfugamira zuva kurutivi rwamabvazuva.
17 Akati kwandiri, “Wazviona here izvi, iwe mwanakomana womunhu?
Chinhu chiduku here kuimba yaJudha kuti vaite zvinhu zvinonyangadza
zvavari kuita pano? Vanofanira here kuzadzazve nyika nechisimba
uye nokuramba vachinditsamwisa? Vatarise vachiisa davi kumhuno
dzavo. 18 Naizvozvo ndichavaranga nehasha; handingavanzwiri tsitsi
kana kuvaponesa. Kunyange vakaridza mhere munzeve dzangu, hand-
ingavanzwi.”

# 9

*Vanonamata Zvifananidzo vanourayiwa*

1 Ipapo ndakamunzwa achidanidzira nenzwi guru achiti, “Uya navarindi
veguta pano, mumwe nomumwe ano munondo muruoko rwake.” 2 Ipapo
ndakaona varume vatanhatu vachiuya vachibva nokurutivi rwesuo
rokumusoro, rakatarisa kumusoro, mumwe nomumwe ano munondo
unopinza kwazvo muruoko rwake. Pakati pavo pakanga pano murume
akanga akapfeka mucheka wakaisvonaka ane zvinyoreso parutivi rwake.
Ivo vakapinda vakamira parutivi rwearitari yendarira.
3 Zvino kubwinya kwaMwari waIsraeri kwakakwira kuchibva pamu-
soro pamakerubhi, pakwakanga kuri, ndokuswedera kuchikumbaridzo
chetemberi. Ipapo Jehovha akadana murume akanga akapfeka mucheka
uya akanga ane zvinyoreso parutivi rwake 4 akati kwaari, “Pfuura
nomuguta rose reJerusarema uye uise munembo pahuma dzavaya vanot-
sutsumwa navanochema pamusoro pezvinhu zvinonyangadza zvinoitwa
mariri.”
5 Ndichakateerera, iye akati kuna vamwe, “Muteverei nomukati meguta,
muuraye, musingambonzwiri ngoni kana tsitsi. 6 Urayai vatana, ma-
jaya navarandakadzi, madzimai navana, asi musabata ani zvake ano
munembo. Mutangire paimba tsvene yangu.” Saka vakatanga navakuru
vakanga vari mberi kwetemberi.
7 Ipapo akati kwavari, “Svibisai temberi muzadze mavazhe navakau-
rayiwa. Endai!” Naizvozvo vakaenda vakatanga kuuraya muguta rose.
8 Pavakanga vachiuraya, uye ini ndasara ndoga, ndakawira pasi nechiso,
ndichidanidzira, ndichiti, “Haiwa, Ishe Jehovha! Muchaparadza vakasara
vose vaIsraeri pakudururwa kwehasha dzenyu pamusoro peJerusarema
here?”
9 Akandipindura achiti, “Chivi cheimba yaIsraeri neJudha chakura
kwazvo; nyika yazara nokuteura ropa uye guta razara nokusaruramisira.

Ivo vanoti, 'Jehovha akaramba nyika; Jehovha haaoni.' 10 Saka hand-
ingambovanzwira tsitsi kana kuvaponesa, asi ndichauyisa pamisoro yavo
zvavakaita."
11 Ipapo murume uya akanga akapfeka mucheka wakaisvonaka ane
zvokunyoresa parutivi pake akadzoka neshoko, achiti, "Ndaita sezva-
makarayira."

# 10

*Kubwinya kunobva muTemberi*

1 Ndakatarisa, ndikaona chinhu chakafanana nechigaro choushe
chesafire pamusoro pedenga raiva pamusoro pemisoro yamakerubhimi.
2 Jehovha akati kumurume uya akanga akapfeka mucheka wakaisvonaka,
"Enda pakati pamavhiri ari munyasi mamakerubhi. Uzadze maoko
ako namazimbe anopisa anobva pamakerubhi ugoaparadzira pamusoro
peguta." Iye akapinda ini ndakatarira.
3 Zvino makerubhi akanga akamira parutivi rwezasi kwetemberi mu-
rume paakapinda, uye gore rakazadza ruvazhe rwomukati. 4 Ipapo
kubwinya kwaJehovha kwakakwira pamusoro pamakerubhi kukaswedera
kuchikumbaridzo chetemberi. Gore rakazadza temberi, uye ruvazhe
rukazadzwa nokupenya kwokubwinya kwaJehovha. 5 Mubvumo wama-
papiro amakerubhi wainzwika kusvikira kuruvazhe rwokunze, senzwi
raMwari Wamasimba Ose kana achitaura.
6 Jehovha akati arayira murume akanga akapfeka mucheka wakaisvon-
aka, achiti, "Tora moto pakati pamavhiri, kubva pamakerubhi," murume
akapinda mukati akamira parutivi rwevhiri. 7 Ipapo rimwe ramakerubhi
rakatambanudzira ruoko rwaro kumoto wakanga uri pakati pawo. Aka-
tora mumwe moto ndokuuisa mumaoko omurume akanga akapfeka
mucheka wakaisvonaka, iye ndokuutora ndokuenda nawo panze. 8 (Pasi
pamapapiro amakerubhi paionekwa chinhu chainge maoko omunhu.)
9 Ndakatarisa, ndikaona parutivi rwamakerubhi mavhiri mana, rimwe
vhiri parutivi rwekerubhi rimwe nerimwe, mavhiri acho aivaima kunge
ibwe rekrisorite. 10 Pakuonekwa kwawo, mana acho akanga akafanana;
rimwe nerimwe rakanga rakaita sevhiri riri mukati merimwe vhiri.
11 Paaifamba aigona kuenda neimwe yenzira ina kwakanga kwakatarisa
makerubhi; mavhiri haana kutsauka pakufamba kwaiita makerubhi.
Makerubhi akaenda munzira ipi zvayo kwakanga kwakatarira musoro,
asingatsauki pakufamba kwawo. 12 Miviri yawo yose, pamwe chete
nemisana yawo, maoko awo namapapiro awo, zvakanga zvakazara
nameso, zvakanga zvakadarowo namavhiri awo ari mana. 13 Ndakanzwa
mavhiri achitumidzwa zita rokuti "mavhiri okumonereka." 14 Kerubhi
rimwe nerimwe rakanga rine zviso zvina: Chimwe chiso chakanga chiri
chekerubhi, chechipiri chakanga chiri chiso chomunhu, chiso chechitatu
chakanga chiri cheshumba, chiso chechina chakanga chiri chegondo.
15 Ipapo makerubhi akabhururuka achikwira kumusoro. Izvi ndizvo
zvisikwa zvipenyu zvandakaona ndiri paRwizi rweKebhari. 16 Makerubhi
aiti ofamba, mavhiri aiva parutivi rwawo ofambawo; makerubhi aiti
akatambanudza mapapiro awo kuti abhururuke kubva pasi, mavhiri
akanga asingabvi parutivi rwawo. 17 Kana makerubhi akamira, iwo
aimirawo; uye makerubhi akabhururuka, iwo aisimuka pamwe chete
nawo, nokuti mweya wezvisikwa zvipenyu wakanga uri maari.

18 Ipapo kubwinya kwaJehovha kwakabva pamusoro pechikumbaridzo
chetemberi kukamira pamusoro pamakerubhi. 19 Ndichakatarisa izvi,
makerubhi akatambanudza mapapiro awo ndokubhururuka kubva pasi,
uye paaienda, mavhiri aiendawo nawo. Akandomira pamukova wesuo
rokumabvazuva kweimba yaJehovha, uye kubwinya kwaMwari waIsraeri
kwakanga kuri pamusoro pawo.
20 Izvi ndizvo zvisikwa zvipenyu zvandakanga ndaona pasi paMwari
waIsraeri paRwizi rweKebhari, uye ndikaziva kuti akanga ari makerubhi.
21 Rimwe nerimwe rakanga rine zviso zvina namapapiro mana, uye
pasi pamapapiro awo pakanga pane zvairatidzika samaoko omunhu.
22 Zviso zvawo zvakanga zvichiratidzika sezviya zvandakanga ndamboona
paRwizi rweKebhari. Chimwe nechimwe chaifamba chakananga mberi.

# 11

*Kutongwa kwaVatungamiri veIsraeri*

1 Ipapo Mweya wakandisimudza ukaenda neni pasuo reimba yaJehovha
rakatarira kumabvazuva. Pamukova wesuo ipapo, pakanga pane varume
makumi maviri navashanu, uye ndakaona pakati pavo Jaazania mwanako-
mana waAzuri naPeratia mwanakomana waBhenaya, vatungamiri va-
vanhu. 2 Jehovha akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, ava
ndivo varume vanorangana zvakaipa nokupa mano akaipa muguta rino.
3 Vanoti, ‘Ko, nguva haisati yasvika here yokuvaka dzimba? Guta rino
ihari yokubikira, uye isu tisu nyama.’ 4 Naizvozvo profita pamusoro pavo;
profita, mwanakomana womunhu.”
5 Ipapo Mweya waJehovha wakauya pamusoro pangu, iye akanditaurira
kuti nditi: “Zvanzi naJehovha: Ndizvo zvamunotaura, imi imba yaIsraeri,
asi ndinoziva zvamunofunga mundangariro dzenyu. 6 Makauraya vanhu
vazhinji muguta rino uye mukazadza nzira dzaro nevakafa.
7 “Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Zvitunha zvamakandamo ndiyo
nyama uye guta rino ndiyo hari, asi ini ndichakubudisai mariri. 8 Munotya
munondo, zvino munondo ndiwo wandichauyisa kuzokurwisai, ndizvo
zvinotaura Ishe Jehovha. 9 Ndichakubudisai kunze kweguta ndigokuisai
mumaoko avatorwa uye ndichakurangai. 10 Muchaurayiwa nomunondo,
uye ini ndichakutongai pamiganhu yaIsraeri. Ipapo muchaziva kuti ndini
Jehovha. 11 Guta rino haringavi hari kwamuri, nemi hamungavi nyama
mariri; ndichakutongai ini pamiganhu yeIsraeri. 12 Uye muchaziva kuti
ndini Jehovha, nokuti hamuna kutevera mitemo yangu kana kuchengeta
mirayiro yangu asi makafamba netsika dzendudzi dzakakupoteredzai.”
13 Zvino ndakati ndichiprofita, Peratia mwanakomana waBhenaya
akafa. Ipapo ndakawira pasi nechiso ndikachema zvikuru ndichiti,
“Haiwa Ishe Jehovha! Ko, muchaparadza chose vakasara vaIsraeri here?”
14 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri, richiti, 15 “Mwanakomana
womunhu, hama dzako, hama dzako dzeropa neimba yose yaIsraeri, ndivo
vainzi navanhu veJerusarema, ‘Vari kure kwazvo naJehovha; nyika ino
takaipiwa kuti ive yedu.’

*Kudzoswa kwaIsraeri kunovimbiswa*

16 “Naizvozvo uti, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Kunyange ndakavaen-
desa kure pakati pendudzi uye ndikavaparadzira pakati penyika, asi
kwechinguva chiduku ndakanga ndiri nzvimbo yavo tsvene munyika
dzavakaenda.’

17 “Naizvozvo uti, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Ndichakuunganidzai kubva
kundudzi ndigokudzosai kubva kunyika dzamakanga makaparadzirwa
uye ndichakupaizve nyika yaIsraeri.’

18 “Vachadzokera kwairi vagobvisa zvifananidzo zvayo zvose zvakaip-
isisa nezvifananidzo zvinonyangadza. 19 Ndichavapa mwoyo mumwe
uye ndichaisa mweya mutsva mukati mavo; ndichabvisa mwoyo webwe
mukati mavo ndigovapa mwoyo wenyama. 20 Ipapo vachatevera mitemo
yangu uye vachachenjerera kuchengeta mirayiro yangu. Vachava vanhu
vangu, uye ini ndichava Mwari wavo. 21 Asi kana vari vaya vane mwoyo
inotevera zvakaumbwa zvavo zvakaipisisa nezvifananidzo zvinonyan-
gadza, ndichaburutsa pamisoro yavo chaiyo zvavakaita, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha.”

22 Ipapo makerubhi namavhiri parutivi pawo akatambanudza mapapiro
awo, uye kubwinya kwaMwari waIsraeri kwakanga kuri pamusoro
pawo. 23 Kubwinya kwaJehovha kwakakwira kuchibva mukati meguta
kukandomira pamusoro pegomo nechokumabvazuva kwaro. 24 Mweya
wakandisimudza ukaenda neni kuna vakatapwa vari muBhabhironi
muchiratidzo chakapiwa noMweya waMwari.

Ipapo chiratidzo chandakanga ndaona chakakwidzwa kubva pandiri,
25 uye ndakaudza vakatapwa zvinhu zvose zvandakaratidzwa naJehovha.

# 12

*Vakatapwa*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 “Mwanakomana wom-
unhu, iwe ugere pakati pavanhu vanondimukira. Vane meso okuona asi
havaoni, vane nzeve dzokunzwa asi havanzwi, nokuti vanhu vokumukira.

3 “Naizvozvo, mwanakomana womunhu, rongedza midziyo yako utame
uye utame masikati, vakakutarira, ubude ubve panzvimbo yauri uende
kune imwe nzvimbo. Zvimwe vachanzwisisa, kunyange vari imba
inondimukira. 4 Masikati chaiwo, vakatarira, iwe budisa nhumbi dzako
dzakarongedzerwa kutama. Ipapo panguva yamadekwana, ivo vakatarira,
buda iwe sezvinoita vaya vanoenda muutapwa. 5 Uboore masvingo
vakatarira ugotora nhumbi dzako ubude napo. 6 Udziise papfudzi rako
ivo vakangotarisa ugobuda nadzo kwasviba. Ufukidze chiso chako kuti
urege kuona nyika, nokuti ndakuita chiratidzo kuimba yaIsraeri.”

7 Saka ndakaita sezvandakarayirwa. Panguva yamasikati ndakabudisa
zvinhu zvangu zvarongedzerwa kutama. Zvino panguva yamadekwana
ndakaboora masvingo namaoko angu. Ndakabudisa nhumbi dzangu
kwasviba, ndakazvitakura pamapfudzi angu ivo vakangotarisa.

8 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri panguva yamangwanani richiti,
9 “Mwanakomana womunhu, imba iyo yokundimukira yaIsraeri haina
kukubvunza here kuti, ‘Uri kuiteiko?’

10 “Uti kwavari, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Chirevo ichi chinoreva
muchinda weJerusarema neimba yose yaIsraeri iripo.’ 11 Uti kwavari, ‘Ini
ndiri chiratidzo kwamuri.’

“Sezvandakaita, ndizvo zvavachaitirwawo. Vachaenda kuutapwa sen-
hapwa.

12 “Muchinda ari pakati pavo achaisa zvinhu zvake papfudzi kwasviba
agoenda, uye achaboorerwa buri rokubuda naro parusvingo. Achafukidza
chiso chake kuitira kuti arege kuona nyika. 13 Ndichamutambanudzira

mumbure wangu, uye achabatwa mumusungo wangu; ndichamuen-
desa kuBhabhironi, nyika yavaKaradhea, asi haasi kuzoiona, uye ikoko
ndiko kwaachafira. 14 Ndichaparadzira kumhepo vose vakamupoteredza,
vashandiri vake namauto ake, uye ndichavateverera nomunondo
wakavhomorwa.
15 "Vachaziva kuti ndini Jehovha, pandichavaparadzira pakati pen-
dudzi ndigovaparadzira kunyika dzose. 16 Asi ndichasiya vashoma
vavo pamunondo, napanzara nedenda, kuitira kuti pakati pendudzi
kwavachaenda zvimwe vangarangarira zvinyangadzo zvavo zvavakaita
zvose. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha."
17 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 18 "Mwanakomana
womunhu, udedere paunenge uchidya zvokudya zvako, uye udedere
uye utye paunonwa mvura yako. 19 Uti kuvanhu venyika, 'Zvanzi
naIshe Jehovha pamusoro pavanogara muJerusarema uye nomunyika
yaIsraeri: Vachadya zvokudya zvavo nokufunganya uye vachanwa mvura
yavo vaora mwoyo, nokuti nyika yavo ichatorerwa zviri mairi nokuda
kwechisimba chaavo vose vanogaramo. 20 Maguta anogarwa navanhu
achava matongo uye nyika ichaparadzwa. Ipapo muchaziva kuti ndini
Jehovha.' "
21 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 22 "Mwanakomana
womunhu, chirevo ichi chamunacho munyika yaIsraeri ndecheiko chinoti,
'Mazuva ari kungopera uye zviratidzo zvose zvinongova pasina?' 23 Uti
kwavari, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Ndichaita kuti chirevo ichi chigume,
uye havachazochitauri muIsraeri.' Uti kwavari, 'Mazuva aswedera okuti
zviratidzo zvose zvizadziswe. 24 Nokuti hakuchazovazve nezviratidzo
zvenhema kana kuvuka kunobata kumeso pakati pavanhu veIsraeri.
25 Asi ini Jehovha ndichataura zvandichataura, uye zvichazadzisika
zvisinganonoki. Nokuti pamazuva enyu, imi imba yokumukira, ndichaz-
adzisa zvose zvandinotaura, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.' "
26 Shoko raJehovha rakauya kwandiri richiti, 27 "Mwanakomana wom-
unhu, imba yaIsraeri iri kuti, 'Chiratidzo chaanoona ndechamakore
mazhinji kubva iye zvino, uye anoprofita zvenguva inouya zviri kure.'
28 "Naizvozvo uti kwavari, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Hakuna shoko rangu
richanonokazve; zvose zvandinoreva zvichazadzisika, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha.' "

# 13

*Vaprofita Venhema vanopiwa mhosva*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, profita pamusoro pavaprofita vaIsraeri vari kukuprofitirai zvino.
Uti kuna avo vanoprofita zvinobva pamurangariro wavo, 'Inzwai shoko
raJehovha! 3 Zvanzi naIshe Jehovha: Vane nhamo vaprofita mapenzi
vanotevera mweya yavo pachavo ivo vasina chavakaona! 4 Vaprofita
venyu, imi vaIsraeri, vakafanana namakava ari pakati pamatongo.
5 Hamuna kukwira pakakoromoka porusvingo kuti mupagadzirire imba
yaIsraeri, kuti igomira yakasimba pahondo pazuva raJehovha. 6 Zviratidzo
zvavo ndezvenhema uye kuvuka kwavo inhema. Ivo vanoti, "Jehovha
anoti," asi Jehovha asina kuvatuma; asi vanotarisira kuti mashoko avo
azadzisike. 7 Hauna kuona zviratidzo zvenhema here uye mukataura
nhema pakuvuka pamainge muchiti, "Jehovha anoti," kunyange zvangu
ndisina kutaura?

[8] “ ‘Naizvozvo, zvanzi naIshe Jehovha: Nokuda kwamashoko enyu
enhema nezviratidzo zvenhema ndinokupai mhosva, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha. [9] Ruoko rwangu rucharwa navaprofita vanoona zviratidzo
zvenhema uye vanotaura kuvuka kwenhema. Havangavi pakati pamaku-
rukota avanhu vangu kana kunyorwa muzvinyorwa zveimba yaIsraeri,
uye havangapindi munyika yaIsraeri. Ipapo muchaziva kuti ndini Ishe
Jehovha.

[10] “ ‘Nokuda kwokuti vanotsausa vanhu vangu, vachiti, “Rugare,” ipo
pasina rugare, uye nokuti pavanovaka rusvingo rwakatetepa vanoru-
penda nependi chena. [11] Naizvozvo udza ivavo vanorupenda kuti
ruchawa. Mvura ichanaya yakawanda, uye ndichatuma chimvu-
ramabwe chicharova pasi, uye mhepo dzine simba dzichavhuvhuta.
[12] Panoondomoka rusvingo vanhu havazokubvunzi here vachiti, “Iripiko
pendi chena yamakarupenda nayo?”

[13] “ ‘Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Muhasha dzangu ndichasu-
nungura mhepo ine simba, uye pakutsamwa kwangu chimvuramabwe
nemvura zhinji zvichanaya nokuparadza kunotyisa. [14] Ndichaparadza
rusvingo rwawakapenda nependi chena uye ndicharukoromora ndig-
orusiya rwati ware ware pasi zvokuti nheyo dzarwo dzichasara dzava
pachena. Paruchakoromoka, nemi muchaparadzwa murimo; uye muc-
haziva kuti ndini Jehovha. [15] Saka ndichapedzera hasha dzangu
parusvingo napamusoro pavaya vairupenda nependi chena. Ndichati
kwamuri, “Rusvingo rwaparara uye naivowo vakarupenda nependi chena,
[16] vaya vaprofita veIsraeri vakaprofita pamusoro peJerusarema uye
vakaona zviratidzo zvorugare rwaro nyamba kwakanga kusina rugare,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.” ’

[17] “Zvino, iwe mwanakomana womunhu, rinzira chiso chako pamu-
soro pavanasikana vavanhu vako vanoprofita zvinobva mundangariro
dzavo. Profita pamusoro pavo, [18] uti, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Vane
nhamo vakadzi vanosonera mazango pamaoko avo uye vanoita zvifukidzo
zvemisoro yavo zvemhando dzakasiyana-siyana pakureba vachiitira kuti
vateye vanhu nazvo. Ko, imi muchateya upenyu hwavanhu vangu asi
muchichengetedza hwenyu here? [19] Makandisvibisa pakati pavanhu
vangu nokuda kwezviyero zvishoma zvebhari namafufu echingwa. Pa-
makareva nhema kuvanhu vangu, vanoteerera nhema, makauraya vaya
vakanga vasingafaniri kufa, mukasiya vakanga vasingafaniri kurarama.

[20] “ ‘Naizvozvo, zvanzi naIshe Jehovha: Ndinovenga mazango enyu
amunoteya nawo vanhu kunge munoteya shiri, zvino ndichaadambura
pamaoko enyu; ndichasunungura vanhu vamunoteya seshiri.
[21] Ndichabvarura mavhoiri enyu ndigoponesa vanhu vangu pamaoko
enyu, uye havachazovi nyama mumaoko enyu, uye havachazobatwizve
nesimba renyu. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha. [22] Nokuti
makaodza mwoyo yavakarurama nenhema dzenyu, vandakanga
ndisina kuchemedza ini, uye nokuti makakurudzira vakaipa kuti
varege kutendeuka panzira dzavo dzakaipa nokudaro vaponese mweya
yavo, [23] naizvozvo hamuchazoonizve zviratidzo zvenhema kana kuita
zvokuvuka. Ndichaponesa vanhu vangu pamaoko enyu. Ipapo zvino
muchaziva kuti ndini Jehovha.’ ”

# 14

*Vanonamata Zvifananidzo Vanotongwa*

[1] Vamwe vavakuru veIsraeri vakauya kwandiri vakagara pasi pam-
beri pangu. [2] Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti,
[3] "Mwanakomana womunhu, ava vanhu vakaisa zvifananidzo mumwoyo
yavo vakaisa zvigumbuso zvakaipa pamberi pavo. Ndingavatendera kuti
vatombondibvunza here? [4] Naizvozvo taura navo ugovaudza kuti, 'Zvanzi
naIshe Jehovha: Kana muIsraeri upi zvake akaisa zvifananidzo mum-
woyo make uye akaisa chigumbuso chakaipa pamberi pake ndokuenda
kumuprofita, ini Jehovha ndichamupindura pachangu zvinoenderana
nokunamata kwake zvifananidzo zvake zvikuru. [5] Ndichaita izvi kuti
ndibatezve mwoyo yavanhu veIsraeri, ivo vakandisiya vose kuti vatevere
zvifananidzo zvavo.'

[6] "Naizvozvo uti kuimba yeIsraeri, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Ten-
deukai! Dzokai mufuratire zvifananidzo zvenyu musiye mabasa enyu ose
anonyangadza!

[7] " 'Kana muIsraeri upi zvake, kana mutorwa agere muIsraeri, akazvit-
saura kubva pandiri akaisa zvifananidzo mumwoyo make uye akaisa
chigumbuso chakaipa pamberi pake ndokuenda kumuprofita kunobvunza
nezvangu, ini Jehovha ndichamupindura pachangu. [8] Ndicharinzira
chiso changu pamusoro pomunhu uyo kuti ndimurwise uye ndichamuita
muenzaniso netsumo. Ndichamubvisa pakati pavanhu vangu. Ipapo
muchaziva kuti ndini Jehovha.

[9] " 'Uye kana muprofita akanyengerwa kuti ataure chiprofita, ini
Jehovha ndini ndamunyengera, uye ndichatambanudza ruoko rwangu pa-
musoro pake ndigomuparadza pakati pavanhu veIsraeri. [10] Vachatakura
mhosva yavo ivo, muprofita achava nemhosva zvakangoenzana naiye
auya kuzomubvunza. [11] Ipapo vanhu veIsraeri havangazotsaukizve
vachibva kwandiri kana kuzvisvibisazve nezvivi zvavo zvose. Vachava
vanhu vangu, uye ini ndichava Mwari wavo, ndizvo zvinotaura Ishe
Jehovha.' "

### *Kutongwa Kusingapunyukwi*

[12] Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, [13] "Mwanakomana
womunhu, kana nyika ikanditadzira nokusatendeka kwayo uye ini
ndikatambanudza ruoko rwangu pamusoro payo kuti ndiparadze ku-
goverwa kwayo zvokudya nokutumira nzara pamusoro payo nokuuraya
vanhu vayo nezvipfuwo zvayo, [14] kunyange dai varume vatatu ava,
Noa, Dhanieri naJobho, vaiva mairi vaingogona kuzviponesa ivo pachavo
nokuda kwokururama kwavo, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.

[15] "Kana dai ndikatumira zvikara munyika imomo, izvo zvikaisiya
isina kana mwana uye ikazoparadzwa zvokuti pashayikwe anopfuura
nomo nokuda kwezvikara, [16] zvirokwazvo, noupenyu hwangu, ndizvo
zvinotaura Ishe Jehovha, kunyange dai varume vatatu ava vaivamo,
havaizogona kuponesa vanakomana vavo kana vanasikana vavo. Ivo
chete ndivo vaingopona, asi nyika yaizoparadzwa.

[17] "Kana dai ndaiuyisa munondo kuzorwisa nyika iyo ndikati, 'Munondo
ngaupfuure nomunyika yose,' uye ndikauraya vanhu vayo nezvipfuwo
zvavo, [18] zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha,
kunyange dai varume ava vatatu vaivamo, havaizogona kuponesa vanako-
mana vavo kana vanasikana vavo. Ivo voga ndivo vaizoponeswa.

[19] "Kana dai ndikatuma denda munyika ndikadurura hasha dzangu
pamusoro payo nokuteura ropa, ndichauraya vanhu vayo nezvipfuwo

zvavo, 20 zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha,
kunyange dai Noa, naDhanieri naJobho vaivamo, havaigona kuponesa
mwanakomana kana mwanasikana. Vaingozviponesa ivo chete nokuda
kwokururama kwavo.
21 "Nokuti zvanzi naIshe Jehovha: Zvichaipisisa sei kana ndika-
tuma pamusoro peJerusarema zvinotyisa zvina zvandakatonga, zvinoti
munondo, nzara, zvikara nedenda, kuzouraya vanhu varo nezvipfuwo
zvaro! 22 Kunyange zvakadaro hazvo pachava navanosara, vanakomana
navanasikana vachabudiswa mairi. Vachauya kwamuri, uye pamunoona
tsika dzavo namabasa avo, muchanyaradzwa pamusoro penjodzi yan-
dakauyisa pamusoro peJerusarema, njodzi dzose dzandakauyisa pairi.
23 Muchanyaradzwa pamunoona tsika dzavo namabasa avo, nokuti
muchaziva kuti hapana chandakaita mariri pasina chikonzero, ndizvo
zvinotaura Ishe Jehovha."

## 15

### *Jerusarema, muzambiringa usina maturo*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, muti womuzambiringa uri nani kupfuura davi romuti zvawo
musango neiko? 3 Ko, pane danda rakambotorwa pauri here kuti
rigadziriswe chimwe chinhu chine basa? Ko, vanhu vangaita hoko
nawo kuti vanhu vaturike zvinhu ipapo here? 4 Uye shure kwokunge
wakandwa mumoto sehuni uye moto ndokuupisa mativi ose ari maviri
uye ndokusviba pakati, zvino uchabatsira chinhu here? 5 Kana wanga
usingabatsiri chinhu uchiri wakakwana, uchagobatsireiko kana moto
waupisa uye wasviba?
6 "Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Sezvo ndakaisa miti yemizam-
biringa pakati pemiti yesango sehuni dzomoto, ndizvo zvandichaita ku-
vanhu vagere muJerusarema. 7 Ndicharinzira chiso changu kwavari kuti
ndivarwise. Kunyange zvavo vakabuda mumoto, moto uchavaparadza.
Uye pandinorinzira chiso changu kwavari kuti ndivarwise muchaziva kuti
ndini Jehovha. 8 Ndichaparadza nyika nokuti vakanga vasina kutendeka,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha."

## 16

### *Kufananidzirwa kwoKusatendeka kweJerusarema*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, tsiura Jerusarema pamwe chete nezvinyangadzo zvaro 3 uti, 'Zvanzi
naIshe Jehovha kuJerusarema: Madzitateguru ako nokwaakaberekerwa
ndiko kunyika yeKenani; baba vako vakanga vari muAmori uye mai vako
vakanga vari muHiti. 4 Pazuva rawakaberekwa rukuvhute rwako haruna
kugurwa, uye hauna kushambidzwa nemvura kuti uchene, uye hauna
kutongokwizwa nomunyu kana kuputirwa mumucheka. 5 Hakuna munhu
akakunzwira tsitsi kana kuva nengoni newe kuti akuitire chinhu chimwe
chezvinhu izvi. Asi, wakarasirwa kusango, nokuti musi wawakaberekwa
iwe wakashorwa.
6 " 'Ipapo ndakapfuura napo ndikakuona uchipfakanyika uri muropa
rako, uye pawakanga uvete ipapo uri muropa rako, ndakati kwauri,
"Rarama!" 7 Ndakakuita kuti ukure somuti wesango. Wakakura
ukanyatsoumbika ukava ukomba hwakaisvonaka. Mazamu ako akakura
nebvudzi rako rikakura, iyewe wakanga wakashama usina chinhu.

[8] “ ‘Shure kwaizvozvo, ndakapfuura nepauri, uye pandakatarira pauri
ndakaona kuti wakanga wakura pane zvorudo, ndikawarira rutivi
rwenguo yangu pamusoro pako ndokukufukidza pakushama kwako.
Ndakakupikira ndikaita sungano newe, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha,
iwe ukava wangu.
[9] “ ‘Ndakakushambidza nemvura uye ndikakugeza kubvisa ropa
rako, ndokukuzodza mafuta. [10] Ndakakufukidza nezvakarukwa
zvakanaka ndikakupfekedza shangu dzamatehwe. [11] Ndakakufukidza
nomucheka wakaisvonaka ndikakufukidza mucheka uno murango un-
okosha. Ndakakushongedza noukomba: ndikaisa zvishongo zvomu-
maoko nouketani pamutsipa wako, [12] uye ndakaisa mhete pamhuno
yako, nemhete panzeve dzako uye nekorona yakanaka pamusoro
wako. [13] Saka wakashongedzwa negoridhe nesirivha; nguo dzako
dzaiva dzomucheka wakaisvonaka uye mucheka womutengo mukuru
nomucheka wakarukwa. Zvokudya zvako zvaiva zvoupfu hwakatsetseka,
nouchi namafuta omuorivhi. Wakabva wanaka chose ukasimukira
kusvikira wava mambokadzi. [14] Mukurumbira wokunaka kwako waka-
pararira pakati pendudzi, nokuti kubwinya kwandakaisa pamusoro pako
kwakaita kuti kunaka kwako kuve kwangu, ndizvo zvinotaura Ishe
Jehovha.
[15] “ ‘Asi iwe wakavimba norunako rwako ukashandisa mbiri yako kuti
uve chifeve. Wakazadza munhu wose akapfuura napauri noufeve uye
nokuda kworunako rwako ukava wake. [16] Wakatora dzimwe nhumbi
dzako ukashongedza nzvimbo dzakakwirira, kwawakaramba uchiitira
ufeve hwako. Zvinhu zvakadaro hazvifaniri kuitika uye hazvifaniri
kutomboitwa. [17] Wakatorazve ukomba hwezvishongo zvakaisvonaka
zvandakakupa, ukomba hwakaitwa negoridhe nesirivha, uye ukazviitira
zvifananidzo zvechirume ndokuita ufeve nazvo. [18] Uye wakatora nguo
dzako dzakarukwa kuti ufukidze zvifananidzo, uye ukapira mafuta angu
ezvinonhuhwira pamberi pazvo. [19] Uyezve zvokudya zvandakakupa,
upfu hwakatsetseka, mafuta omuorivhi nouchi zvandakakupa kuti udye,
wakazvipira sezvinonhuhwira pamberi pazvo. Izvozvo ndizvo zvakaitika,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
[20] “ ‘Uye wakatora vanakomana navanasikana vawakaberekera ini
ukavabayira sezvokudya kuzvifananidzo. Ko, ufeve hwako hwakanga
husina kuringana here? [21] Wakauraya vana vangu ukavabayira
kuzvifananidzo. [22] Mumabasa ako ose anonyangadza hauna kuran-
garira mazuva ouduku hwako, pawakanga usina kupfeka usina chinhu,
uchikava-kava uri muropa rako.
[23] “ ‘Nhamo! Une nhamo iwe, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Pa-
musoro pokumwe kuipa kwako kwose, [24] wakazvivakira nzvimbo yakak-
wirira ukazviitira shongwe refu pazvivara zvose zvomusha. [25] Wakavaka
shongwe dzako refu panotangira nzira dzose dzomumusha ndokud-
eredza runako rwako, uchipira muviri wako nokuwanza kupata kwako
kuna ani zvake aipfuura napauri. [26] Wakaita ufeve navaIjipita,
vawakavakidzana navo ivo vazere noruchiva, ukamutsa kutsamwa
kwangu, nokuwanda kwokupata kwako. [27] Saka ndakatambanudza
ruoko rwangu kuti ndikurwise ndikatapudza nyika yako; ndikakuisa pasi
pokukara kwavavengi vako, vanasikana vavaFiristia, ivo vakavhundutswa
namafambiro ako. [28] Wakaitazve ufeve navaAsiria, nokuti wakanga
usingagoni kuguta; kunyange shure kwaizvozvo hauna kumbogutsikana

nazvo. 29 Ipapo wakawanza kupata kwako kuti kubatanidzire Bhabhironi,
nyika yavashambadziri, asi kunyange naizvozvi hauna kugutsikana.

30 “ ‘Unoshayiwa simba sei, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha, paunoita
zvinhu izvi zvose, zvinoitwa nechifeve chisinganyari. 31 Pawakavaka
nzvimbo dzakakwirira pamavambo enzira dzose dzomumusha ndokuzvi-
itira shongwe refu pazvivara zvose, wakanga usingaiti sechifeve, nokuti
wakashora muripo.

32 “ ‘Iwe chifeve chomukadzi! Unoshuva vatorwa kupinda murume
wako! 33 Chifeve chimwe nechimwe chinogamuchira muripo, asi iwe
unopa zvipo kuvadiwa vako vose, nokuvafufura kuti vauye kwauri
vachibva kwose kwose nokuda kwokupata kwako kusina unhu. 34 Saka
iwe wakasiyana navamwe pakufeva kwako; hakuna anokumhanyira
nokuda kwokupata kwako. Iwe wakasiyana chose, nokuti ndiwe unopa
muripo uye iwe hauna chaunopiwa.

35 “ ‘Naizvozvo, iwe chifeve, chinzwa shoko raJehovha! 36 Zvanzi
naIshe Jehovha: Nokuda kwokuti wakadurura pfuma yako nokufukura
kusasimira kwako mukupata kwako navadiwa vako, uye nokuda kwezvi-
fananidzo zvako zvose zvinonyangadza, uye nokuda kwokuti wakavapa
ropa ravana vako, 37 Naizvozvo ndichaunganidza vadiwa vako vose,
vawaifara navo, vaya vawaida navaya vawaivenga. Ndichavaunganidza
kubva kwose kwose kuti vakurwise uye ndichakufukura pamberi pavo
uye vachaona kusasimira kwako kwose. 38 Ndichakutonga nomutongo
wavakadzi vanoita ufeve navanoteura ropa; ndichauyisa pamusoro pako
ropa rokutsiva kwehasha dzangu negodo rokutsamwa kwangu. 39 Ipapo
ndichakuisa mumaoko avadiwa vako, uye vachakoromora nzvimbo
dzako dzakakwirira vagoparadza shongwe dzako refu. Vachakubvisa
nguo dzako vagotora ukomba hwako hwakanaka vagokusiya usina
kupfeka wakashama. 40 Vachauya nemhomho yavanhu kuti izokur-
wisa, vachakutema namabwe nokukubvamburanya neminondo yavo.
41 Vachapisa dzimba dzako nokukuranga pamberi pavakadzi vazhinji.
Ndichagumisa ufeve hwako, uye hauchazoripirizve vadiwa vako. 42 Ipapo
hasha dzangu pamusoro pako dzichaserera uye godo rokutsamwa kwangu
richabva kwauri; ndichadzikama uye handingatsamwizve.

43 “ ‘Nokuti hauna kurangarira mazuva ouduku hwako asi wakandit-
samwisa nezvinhu zvose izvi, zvirokwazvo ndichauyisa pamusoro pako
zvawakaita, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Ko, hauna kuwedzera
unzenza pane mamwe mabasa ako ose anonyangadza here?

44 “ ‘Munhu wose achataura tsumo achareva tsumo iyi pamusoro pako:
“Sezvakaita mai ndizvo zvakaita mwanasikana.” 45 Iwe uri mwanasikana
chaiye wamai vako, vakashora murume wavo navana vavo; uye uri
munun’una chaiye wamadzikoma ako, akashora varume vavo navana
vavo. Mai vako vakanga vari muHiti uye baba vako vari muAmori.
46 Mukoma wako akanga ari Samaria, akanga achigara kumusoro kwako
navanasikana vake; uye munun’una wako, akanga achigara kurutivi
rwezasi kwako navanasikana vake, akanga ari Sodhomu. 47 Hauna
kungofamba nenzira dzavo chete nokutevedzera zvinonyangadza zvavo,
asi iwe munzira dzako dzose wakakurumidza kuva wakashata chose
kupfuura ivo. 48 Zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha, munun’una wako Sodhomu navanasikana vake havana
kumboita zvawakaita iwe nezvakaitwa navanasikana vako.

49 “ ‘Zvino ichi ndicho chaiva chivi chomunun’una wako Sodhomu: Iye
navanasikana vake, vaizvikudza vaidyisa uye vaiva vasina hanya; havana
kubatsira varombo navanoshayiwa. 50 Vakanga vana manyawi uye
vaiita zvinhu zvinonyangadza pamberi pangu. Naizvozvo ndakavarasa
sezvamunoona. 51 Samaria harina kuita hafu yezvivi zvawakaita iwe.
Iwe wakaita zvinhu zvinonyangadza kupfuura zvavakaita ivo, uye
wakaita kuti vanun’una vako vange vakarurama nokuda kwezvinhu izvi
zvawakaita iwe. 52 Takura kunyadziswa kwako iwe, nokuti wakavi-
gira munun’una wako kururamisirwa. Nokuti zvivi zvako zvakanga
zvichinyadzisa chose kupinda zvavo, ivo vanoratidzika kunge vakarurama
kupfuura iwe. Saka zvino, chinyara uye zvitakurire nyadzi dzako, nokuti
wakaita kuti munun’una wako ave akarurama.
53 “ ‘Kunyange zvakadaro hazvo, ndichadzosazve pfuma yeSodhomu
navanasikana varo neyeSamaria navanasikana varo, uye pfuma yako
pamwe chete navo, 54 kuitira kuti ugotakura nyadzi dzako ugonyara pane
zvose zvawakaita uchivanyaradza. 55 Uye vanun’una vako, ivo Sodhomu
navanasikana vake neSamaria navanasikana vake, uye iwe navanasikana
vako muchadzokera pane zvavaiva kare. 56 Haungazomborevi nezvomu-
nun’una wako Sodhomu pazuva rokuzvikudza kwako, 57 kuipa kwako
kusati kwafukurwa. Kunyange zvino, uri kusekwa izvozvi navanasikana
veEdhomu navavakidzani varo vose, uye vanasikana veFiristia, navose
vakakupoteredza vanokushora. 58 Uchazvitakurira zvibereko zvounzenza
hwako namabasa ako anonyangadza, ndizvo zvinotaura Jehovha.
59 “ ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Ndichakuitira zvakakufanira, nokuti
wakazvidza mhiko dzangu nokuputsa sungano yangu. 60 Asi hazvo
ndicharangarira sungano yandakaita newe pamazuva ouduku hwako,
ndigosimbisa sungano isingaperi newe. 61 Ipapo ucharangarira nzira
dzako ugonyora paunogamuchira vanun’una vako, vose vakuru kwauri
uye navaduku kwauriwo. Ndichavapa kwauri savanasikana, asi kwete
nokuda kwesungano yangu newe. 62 Saka ndichasimbisa sungano yangu
newe, uye uchaziva kuti ndini Jehovha. 63 Ipapo, kana ndayanana
newe pane zvose zvawakaita, ucharangarira ugonyara uye ugozorega
kushamisa muromo wako nokuda kwokuninipiswa kwako, ndizvo zvino-
taura Ishe Jehovha.’ ”

# 17

*Makondo Maviri noMuzambiringa*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 “Mwanakomana wom-
unhu, misa chinofananidzira utaurire imba yaIsraeri mufananidzo. 3 Uti
kwavari, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Gondo guru rina mapapiro ane simba,
rina manhenga marefu uye rizere namambava ana mavara mavara
rakasvika kuRebhanoni. Rakabata musoro womusidhari, 4 rikagura
davi rokumusoro-soro rikaenda naro kure kunyika yavashambadziri,
rikandorisima muguta ravatengesi.
5 “ ‘Rakatora dzimwe mbeu dzenyika yenyu rikadzikavira muvhu
rakaorera. Rakadzisima somuti womukonachando parutivi rwemvura
zhinji, 6 ikatungira ikava muzambiringa mupfupi unotandira. Matavi awo
akadzoka akananga kwariri, asi midzi yawo yakaramba iri pasi pawo.
Saka wakabva wava muzambiringa ukabudisa matavi uye ukatungira
mashizha pamatavi.

7 “ ‘Asi kwakanga kune rimwe gondo guru rakanga rina mapapiro
ane simba guru uye rizere namambava. Zvino muzambiringa wakatan-
davadza midzi yawo yakananga kwariri kubva pamunda pawakanga
wasimwa ukatambanudza matavi awo kwariri kuti uwane mvura.
8 Wakanga wasimwa pavhu rakaorera pedyo nemvura zhinji kuti ubudise
matavi, ubereke michero, ugova muzambiringa unoyevedza.’

9 “Uti kwavari, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Muti uyu uchakura here? Hauc-
hazodzurwi ukadimurirwa muchero wawo kuti uome here? Mashizha
awo matsva ose achangobukira achaoma. Hakuzombotsvakwi ruoko rune
simba kana vanhu vazhinji kuti udzurwe nemidzi yawo. 10 Kunyange dai
ukasimwazve, uchararama here? Haungazoomi chose here kana mhepo
yokumabvazuva ikaurova, ukaoma mumunda mawakamera?’ ”

11 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 12 “Uti kuimba iyi
inondimukira, ‘Hamuzivi here kuti zvinhu izvi zvinorevei?’ Uti kwavari,
‘Mambo weBhabhironi akaenda kuJerusarema akandotorako mambo
waro namakurukota aro, akadzokera navo kuBhabhironi. 13 Ipapo akatora
mumwe weimba youmambo ndokuita chibvumirano naye, akamuisa
pasi pemhiko. Akatorawo varume vaitungamirira nyika iyo, 14 kuitira
kuti umambo huderere, husingazogoni kumukazve, huchingovapo chete
nokuchengeta chibvumirano chake. 15 Asi mambo akamupandukira
nokutuma nhume dzake kuIjipiti kundotorako mabhiza nehondo huru.
Achabudirira here? Ko, iye anoita zvinhu zvakadaro angapunyuka here?
Achaputsa chibvumirano akazopunyuka here?

16 “ ‘Zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha,
iye achafira muBhabhironi, munyika yamambo akamugadza pachigaro
choushe, ane mhiko yaakazvidza uye ane chibvumirano chaakaputsa.
17 Faro nehondo yake ine simba neboka rake guru hazvingazombomu-
batsiri muhondo, kana vakavaka mirwi kana nhare dzokuparadza vanhu
vazhinji. 18 Akashora mhiko nokuputsa kwaakaita sungano. Nokuti
akanga aisa ruoko rwake pakupika uku ndokuzoita zvinhu zvose izvi,
haangapunyuki.

19 “ ‘Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Zvirokwazvo noupenyu hwangu,
ndichauyisa pamusoro pake mhiko yangu yaakazvidza uye nesungano
yangu yaakaputsa. 20 Ndichamuteya nomumbure wangu, uye achabatwa
nomusungo wangu. Ndichamuuyisa kuBhabhironi ndigomutongerako
nokuti akanga asina kutendeka kwandiri. 21 Mauto ake ose anotiza
achaurayiwa nomunondo, uye vakasara vavo vachaparadzirwa kunobva
mhepo dzose. Ipapo uchaziva kuti ndini Jehovha ndazvitaura.

22 “ ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Ini iyeni ndichatora bukira rinobva
pamusoro chaipo pomusidhari ndigorisima; ndichavhuna davi nyoro
kubva pabukira rapamusoro-soro ndigorisima pamusoro pegomo refu
rakakwirira. 23 Pamusoro-soro pamakomo eIsraeri ndipo pandicharisima;
richabudisa matavi rigobereka muchero rigova musidhari unoyevedza.
Shiri dzemhando dzose dzicharukira matendere adzo pauri; dzichawana
ugaro pamumvuri wamatavi awo. 24 Miti yose yomusango ichaziva kuti ini
Jehovha ndinodzikisa miti yakareba uye ndinoita kuti miti mipfupi irebe.
Ndinoomesa muti munyoro uye ndinoita kuti muti wakaoma ukure.

“ ‘Ini Jehovha ndazvitaura, uye ndichazviita.’ ”

## 18

*Mweya unotadza uchafa*

[1] Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, [2] "Munoreveiko vanhu imi
zvamunodzokorora tsumo iyi pamusoro penyika yeIsraeri, muchiti,
" 'Madzibaba akadya mazambiringa anovava,
meno avana akaita ugugu'?
[3] "Zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Jehovha, hamuc-
hazodzokororizve tsumo iyi muIsraeri. [4] Nokuti mweya mupenyu
mumwe nomumwe ndowangu, baba pamwe chete nomwanakomana vose
saizvozvo ndevangu. Mweya unotadza ndiwo uchafa.
[5] "Ngatiti pane munhu akarurama
anoita zvinhu nokururamisira uye nokururama.
[6] Haadyiri pashongwe dzezvifananidzo mumakomo
kana kutarira kuzvifananidzo zveimba yaIsraeri.
Haasvibisi mukadzi womuvakidzani wake,
kana kuvata nomukadzi ari kumwedzi.
[7] Haamanikidzi mumwe munhu,
asi anodzorera rubatso rwaakatora pachikwereti.
Haaiti zvougororo,
asi anopa zvokudya zvake kune vane nzara
uye anopfekedza vakashama.
[8] Haarevi chimbadzo paanokweretesa
kana kutora mhindu yakakurisa.
Anodzivisa ruoko rwake kuita zvakaipa,
uye anotonga zvakarurama pakati pomunhu nomunhu.
[9] Anotevera mitemo yangu,
uye akatendeka pakuchengeta mirayiro yangu.
Munhu uyo akarurama;
zvirokwazvo achararama,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
[10] "Ngatiti ane mwanakomana anoita zvechisimba, anoteura ropa kana
chimwe chezvinhu izvi [11] (kunyange baba vake vasina kumboita chimwe
chazvo):
"Anodya pashongwe dzezvifananidzo mumakomo.
Anochinya mukadzi womuvakidzani wake.
[12] Anomanikidza varombo navanoshayiwa.
Anoita zvougororo.
Haadzoreri zvaakakwereta.
Anotarisira kuzvifananidzo.
Anoita zvinonyangadza.
[13] Anokweretesa achireva chimbadzo uye anotora mhindu yakakura.
Munhu akadaro achararama here? Kwete, haangararami! Nokuda
kwokuti akaita zvinhu izvi zvinonyangadza, achafa, zvirokwazvo, uye
ropa rake richava pamusoro pake.
[14] "Asi ngatimboti, mwanakomana uyu ane mwanakomana anoona zvivi
zvose zvinoitwa nababa vake, uye kunyange achivaona, haaiti zvinhu
zvakadai:
[15] "Haadyi pashongwe dzamakomo
kana kutarisira kuzvifananidzo zveimba yaIsraeri.
Haachinyi mukadzi womuvakidzani wake.
[16] Haamanikidzi munhu upi zvake
kana kureva rubatso pachikwereti.
Haaiti ugororo,
asi anopa zvokudya zvake kuna vaya vane nzara,

uye anopfekedza vanoshaya zvipfeko.
17 Anodzivisa ruoko rwake kutadza
uye haarevi chimbadzo kana mhindu yakakura.
Anochengeta mirayiro yangu nokutevera mitemo yangu.
Haangafi nokuda kwechivi chababa vake; zvirokwazvo achararama.
18 Asi baba vake vachafa nokuda kwechivi chavo, nokuti vaiita zvinhu
nokumanikidza, vakapamba munun'una wavo uye vakaita zvakaipa
pakati pavanhu vavo.

19 "Kunyange zvakadaro munobvunza muchiti, 'Mwanakomana
anoregereiko kuva nemhosva yezvakaipa zvababa vake?' Sezvo
mwanakomana akaita nokururamisira uye nokururama uye kuti akanga
akangwaririra kuchengeta mitemo yangu, iye achararama zvirokwazvo.
20 Mweya unotadza ndiwo uchafa. Mwanakomana haangagovani
nababa vake pamhosva yavo, uye baba havangagovani mhosva yavo
nomwanakomana. Kururama kwowakarurama kuchava pamusoro pake,
uye kuipa kwowakaipa kuchava pamusoro powakaipa.

21 "Asi kana akaipa akatendeuka kubva pazvivi zvaakaita uye
akachengeta mitemo yangu, akaita nokururamisira uye nokururama,
zvirokwazvo achararama; haangafi zvirokwazvo. 22 Kudarika kwake
kwose kwaakaita hakungarangarirwi. Nokuda kwezvinhu zvakarurama
zvaakaita, iye achararama. 23 Ko, ndingafarira rufu rwowakaipa here?
Ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Asi handifari here pavanotendeuka
kubva panzira dzavo kuti vararame?

24 "Asi kana munhu akarurama akatsauka pakururama kwake akaita
chivi uye akaitawo zvinonyangadza zvinoitwa nomunhu akaipa, an-
gararama here? Zvakarurama zvaakaita hazvizorangaririrwi. Nokuda
kwemhosva yokusatendeuka kwaanako uye nokuda kwezvivi zvaakaita,
iye achafa zvirokwazvo.

25 "Asi munoti, 'Nzira yaJehovha haina kururama.' Haiwa imi imba
yaIsraeri: Nzira yangu haina kururama here? Ko, hadzisi nzira dzenyu
imi dzisakarurama here? 26 Kana munhu akarurama akatsauka akaita
chivi, achafa nokuda kwechivi chake; nokuda kwechivi chaakaita achafa.
27 Asi kana munhu akaipa akadzoka pane zvakaipa zvake zvaakaita
akaita zvakarurama nokururamisira, achaponesa mweya wake. 28 Nokuti
anorangarira kudarika kwake kwose kwaakaita uye anotendeuka kubva
panzira dzake, zvirokwazvo achararama; haangafi. 29 Asi imba yaIsraeri
inoti, 'Nzira yaJehovha haina kururama.' Nzira dzangu hadzina kururama
here, imi imba yaIsraeri? Ko, hadzisi nzira dzenyu dzisakarurama here?

30 "Naizvozvo, imi imba yaIsraeri, ndichakutongai, mumwe nomumwe
zvakafanira nzira dzake, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Tendeukai!
Dzokai pakudarika kwenyu kwose; ipapo chivi hachingakuwisirei pasi.
31 Rasai kudarika kwenyu kwamakaita, mufuke mwoyo mutsva nomweya
mutsva. Ko, muchafirei, imi imba yaIsraeri? 32 Nokuti handifariri
rufu rwomunhu upi zvake, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Tendeukai
murarame!

# 19

*Kuchema pamusoro paMachinda eIsraeri*

1 "Chema pamusoro pamachinda eIsraeri 2 uti:
" 'Mai vako vaiva shumbakadzi yakadii
pakati peshumba!

Yaivata pasi pakati peshumba duku
uye yairera vana vayo.
3 Yakarera mumwe mwana wayo,
ikava shumba yakasimba.
Yakadzidza kubvambura nyama,
uye yaidya vanhu.
4 Ndudzi dzakanzwa nezvayo,
dzikaibata muhunza yadzo.
Vakaenda nayo nezvikokovono
kunyika yeIjipiti.

5 " 'Yakati ichiona kuti tariro yayo haina kuzadziswa,
yarasikirwa nezvayakanga yakatarisira,
yakatora mumwe wevana vayo
ndokumuita shumba yakasimba.
6 Yakafamba ichinyahwaira pakati peshumba,
nokuti yakanga yava shumba ine simba zvino.
Yakadzidza kubvambura chayabata
uye yaidya vanhu.
7 Yakakoromora nhare dzavo
uye ikaparadza maguta avo.
Nyika navose vaivamo
vakavhundutswa nokuomba kwayo.
8 Ipapo ndudzi dzakarwisana nayo,
vaya vaibva kumatunhu akapoteredza.
Vakaikandira mambure,
iyo ndokubatwa muhunza yavo.
9 Vakaipinza muchizarira nezvikokovono
vakandoiisa kuna mambo weBhabhironi.
Vakaiisa mutorongo,
saka kuomba kwayo hakuna kuzonzwikwazve
pamakomo aIsraeri.

10 " 'Mai vako vakanga vakaita somuzambiringa mumunda wako wemizambiringa,
wakasimwa pane mvura;
wakanga une zvibereko uye uzere namatavi
nokuda kwemvura zhinji.
11 Matavi awo akanga akasimba,
akanakira kuva tsvimbo yomutongi.
Wakanga wakareba kwazvo
pamusoro pamatavi makobvu akapfumvutira,
waionekera kumusoro-soro nokuda kwourefu hwawo,
uye nokuda kwamatavi awo mazhinji.
12 Asi wakadzurwa nehasha
ndokukandwa pasi.
Mhepo yokumabvazuva yakauomesa,
ukazunzwa michero yawo;
matavi awo akasimba akaoma,
uye moto ukaapisa.
13 Zvino wakasimwa mugwenga,
munyika yakaoma ine nyota.
14 Moto wakapambira uchibva kune rimwe davi rawo guru

ndokupisa michero yawo.
Hapana davi rakasimba rakasara pauri
rakanakira kuva tsvimbo yomutongi.'
Uku kuchema uye kunofanira kushandiswa pakuchema."

# 20

*Israeri yokumukira*

1 Mugore rechinomwe, nomwedzi wechishanu pazuva regumi, vamwe
vavakuru vavaIsraeri vakauya kuzobvunza Jehovha, vakagara pasi pam-
beri pangu.
2 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 3 "Mwanakomana
womunhu, taura kuvakuru veIsraeri uti kwavari, 'Zvanzi naIshe Jehovha:
Mauya kuzondibvunza ini here? Zvirokwazvo noupenyu hwangu, handisi
kuzobvuma kuti mundibvunze imi, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.'
4 "Ungavatonga here? Ungavatonga here, iwe mwanakomana wom-
unhu? Zvino chivazivisa mabasa anonyangadza amadzibaba avo,
5 uti kwavari, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Pazuva randakasarudza Is-
raeri, ndakapika ndakasimudzira ruoko kuzvizvarwa zveimba yaJakobho
ndikazviratidza kwavari muIjipiti. Ndakasimudza ruoko rwangu, ndikati
kwavari, "Ndini Jehovha Mwari wenyu." 6 Pazuva iro ndakapika kwavari
kuti ndichavabudisa kubva munyika yeIjipiti ndigovapinza munyika
yandakavatsvakira, nyika inoyerera mukaka nouchi, nyika yakanakisisa
panyika dzose. 7 Uye ndakati kwavari, "Mumwe nomumwe wenyu
ngaarase zviumbwa zvenyu zvinonyangadza zvamakaringira kwazviri,
uye murege kuzvisvibisa nezvifananidzo zveIjipiti. Ndini Jehovha Mwari
wenyu."
8 " 'Asi vakandimukira vakasada kunditeerera; havana kuda kurasa zv-
ifananidzo zvavairingira kwazviri nameso avo, kana kusiya zvifananidzo
zveIjipiti. Saka ndakati ndichadurura hasha dzangu pamusoro pavo
ndigopedzera kutsamwa kwangu pamusoro pavo muIjipiti. 9 Asi nokuda
kwezita rangu, ndakaita zvaichengetedza zita rangu kuti rirege kusvibiswa
pamberi pendudzi idzo dzamaigara pakati padzo uye avo vandakanga
ndazviratidza pamberi pavo kuvaIsraeri nokuvabudisa kubva muIjipiti.
10 Naizvozvo ndakavabudisa kubva muIjipiti ndikaenda navo kugwenga.
11 Ndakavapa mitemo yangu ndikavazivisa mirayiro yangu, nokuti munhu
achaiteerera achararama nayo. 12 Uyezve ndakavapa maSabata angu
sechiratidzo pakati pedu, kuti vagoziva kuti ini Jehovha ndini ndakavaita
vatsvene.
13 " 'Asi vanhu veIsraeri vakandimukira mugwenga. Havana kutev-
era mitemo yangu asi vakaramba mirayiro yangu, kunyange zvazvo
munhu anoiteerera achizorarama nayo, uye vakazvidza chose maSabata
angu. Saka ndakati kwavari ndichadurura hasha dzangu pamusoro
pavo ndigovaparadza mugwenga. 14 Asi nokuda kwezita rangu ndakaita
zvaichengetedza zita rangu kuti rirege kusvibiswa pamberi pendudzi
idzo dzandakavabudisa kubva madziri pamberi padzo. 15 Uyezve
ndakavapikira mugwenga noruoko rwakasimudzwa ndichiti handizo-
vaisi munyika yandakavapa, nyika inoyerera mukaka nouchi, nyika
yakanakisisa panyika dzose, 16 nokuti vakaramba mirayiro yangu uye
havana kutevera mitemo yangu, vakasvibisa maSabata angu. Nokuti
mwoyo yavo yakanga yakazvipira kuzvifananidzo zvavo. 17 Kunyange
zvakadaro hazvo, ndakavatarisa ndikavanzwira tsitsi ndikasavaparadza

kana kuvapedza chose mugwenga. 18 Ndakati kuvana vavo mugwenga,
“Regai kutevera mitemo yamadzibaba enyu kana kuchengeta mirayiro
yavo kana kuzvisvibisa nezvifananidzo zvavo. 19 Ndini Jehovha Mwari
wenyu; teverai mitemo yangu uye muchenjerere kuchengeta mirayiro
yangu. 20 Chengetai maSabata angu ave matsvene, kuti ave chiratidzo
pakati pedu. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha Mwari wenyu.”

21 “ ‘Asi vana vakandimukira: havana kutevera mitemo yangu, vakanga
vasina kuchenjerera kuchengeta mirayiro yangu, kunyange zvazvo
munhu anoiteerera achizorarama nayo, uye vakasvibisa maSabata angu.
Saka ndakati ndichadurura hasha dzangu pamusoro pavo uye ndigope-
dzera kutsamwa kwangu pamusoro pavo mugwenga. 22 Asi ndakadzora
ruoko rwangu, uye nokuda kwezita rangu ndakaita zvairichengetedza
kuti rirege kusvibiswa pamberi pendudzi dzandakavabudisa pamberi
padzo. 23 Uyezve, ndakasimudza ruoko, ndikapika mugwenga kuti
ndichavaparadzira pakati pendudzi uye ndigovadzingira kune dzimwe
nyika, 24 nokuti vakanga vasina kuteerera mirayiro yangu asi vakanga
varamba mitemo yangu uye vakasvibisa maSabata angu, uye meso avo
akachiva zvifananidzo zvamadzibaba avo. 25 Ndakavapawo mitemo
yakanga isina kunaka uye nemirayiro yavakanga vasingagoni kurarama
nayo, 26 ndakaita kuti vasvibiswe nezvipo zvavo, zvibayiro zvamatangwe
ose, kuti ndivazadze nokutya kukuru kuti vagoziva kuti ndini Jehovha.’

27 “Naizvozvo, mwanakomana womunhu, taura kuvanhu veIsraeri uti
kwavari, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Muna izvozviwo madzibaba enyu
akandimhura nokundisiya: 28 Pandakavauyisa munyika yandakanga
ndapika kuti ndichavapa uye vakaona chikomo chipi zvacho chakakwirira
kana muti upi zvawo una mashizha, vakabayira zvibayiro zvavo ipapo,
vakapa zvipiriso zvakanditsamwisa, vachipa zvinonhuhwira zvavo uye
vakadurura zvipiriso zvavo zvinonwiwa ipapo. 29 Ipapo ndakati kwavari:
Ko, nzvimbo iyi yakakwirira yamunoenda kwairi ndeyei?’ ” (Zita rayo
inonzi Bhama kusvikira zuva ranhasi.)

### *Kutongwa noKudzorerwa*

30 “Naizvozvo uti kuimba yaIsraeri, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Muc-
hazvisvibisa sezvakaita madzibaba enyu here nokuchiva zvifananidzo
zvavo zvinonyangadza? 31 Pamunopa zvipo zvenyu, zvibayiro zvavanako-
mana venyu mumoto, munoramba muchizvisvibisa nezvifananidzo
zvenyu kusvikira nhasi. Ini ndingatenda kubvunzwa nemi here imi
imba yaIsraeri? Zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Ishe
Jehovha, handizombokutenderei kuti mundibvunze.

32 “ ‘Imi munoti, “Tinoda kufanana nendudzi, savanhu vedzimwe
nyika, vanoshumira matanda namatombo.” Asi zviri mundangariro
dzenyu hazvimboitiki. 33 Zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvino-
taura Ishe Jehovha, ndichakutongai nechanza chine simba, noruoko
rwakatambanudzwa uye nehasha dzakadururwa. 34 Ndichakudzosai
kubva kundudzi ndigokuunganidzai kubva kunyika dzamakanga maka-
paradzirwa kwadziri, nechanza chine simba uye noruoko rwakatam-
banudzwa uye nehasha dzakadururwa. 35 Ndichakuyisai kurenje ren-
dudzi ndigokutongai ikoko takatarisana chiso nechiso. 36 Sokutonga
kwandakaita madzibaba enyu mugwenga renyika yeIjipiti, saizvozvo
ndichakutongai imi, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. 37 Ndichakuverengai
pamunopfuura napasi petsvimbo yangu, uye ndichakuisai muchisungo
chesungano. 38 Ndichakubvisa pakati penyu vaya vanondipandukira

navaya vanondimukira. Kunyange hazvo ndichizovabudisa munyika
yavagere, asi havangapindi munyika yeIsraeri. Ipapo muchaziva kuti
ndini Jehovha.
39 " 'Asi kana murimi, iyemi imba yaIsraeri, zvanzi naIshe Jehovha:
Endai mundoshumira zvifananidzo zvenyu, mumwe nomumwe wenyu!
Asi shure kwaizvozvo zvirokwazvo muchanditeerera uye hamunga-
zosvibisizve zita rangu dzvene nezvipo zvenyu nezvifananidzo zvenyu.
40 Nokuti pagomo rangu dzvene, iro gomo refu raIsraeri, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha, munyika imomo imba yose yaIsraeri ichashumira ipapo, uye
ndichavagamuchira ipapo. Ndipo pandichada zvipiriso zvenyu nezvipo
zvenyu zvokuzvisarudzira pamwe chete nezvibayiro zvenyu zvitsvene.
41 Ndichakugamuchirai somunhuwi unonhuhwira pandichakubudisai
kubva kundudzi nokukuunganidzai muchibva kunyika dzamakanga
makaparadzirwa kwadziri uye ndichazviratidza kuti ndiri mutsvene
kwamuri pamberi pendudzi. 42 Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha,
kana ndakuisai munyika yeIsraeri, nyika yandakapikira kupa madzibaba
enyu noruoko rwakasimudzwa. 43 Mucharangarira mafambiro enyu ikoko
nezviito zvose zvamakazvisvibisa nazvo uye muchazvisema pachenyu
nokuda kwezvakaipa zvose zvamakaita. 44 Muchaziva kuti ndini Jehovha,
pandichakuitirai izvozvo nokuda kwezita rangu kwete nokuda kwenzira
dzenyu dzakaipa nezvakaora zvamakaita imi imba yaIsraeri, ndizvo
zvinotaura Ishe Jehovha.' "

### *Chiprofita pamusoro poRutivi rweZasi*

45 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 46 "Mwanakomana wom-
unhu, rinzira chiso chako kurutivi rwezasi; uparidze pamusoro porutivi
rwezasi uye uprofite pamusoro pesango renyika yezasi. 47 Uti kusango
rezasi, 'Inzwa shoko raJehovha. Zvanzi naIshe Jehovha: Ndava pedyo
nokukupisa nomoto, uye uchaparadza miti yako yose, zvose minyoro
neyakaoma. Kuririma kwomurazvo hakungadzimwi, uye zviso zvose
kubva kurutivi rwezasi kusvikira kurutivi rwokumusoro zvichapiswa
nawo. 48 Mumwe nomumwe achaona kuti ini Jehovha ndini ndaubatidza;
haungadzimwi.' "
49 Ipapo ndakati, "Haiwa, Ishe Jehovha! Vanoti pamusoro pangu, 'Ko,
haasi kungotaura mifananidzo here?' "

## 21

### *Bhabhironi, munondo waMwari wokutonga*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, rinzira chiso chako kuJerusarema uparidze pamusoro penzvimbo
tsvene. Profita pamusoro penyika yeIsraeri, 3 uti kwairi, 'Zvanzi na-
Jehovha: Ndiri kuzokurwisa. Ndichavhomora munondo wangu kubva
mumuhara wawo ndigouraya pakati penyu vose vakarurama nevakaipa.
4 Nokuti ndichaparadza vakarurama nevakaipa, munondo wangu uch-
abuda mumuhara kundorwa navose kubva kurutivi rwezasi kusvikira
kurutivi rwokumusoro. 5 Ipapo vanhu vose vachaziva kuti ini Jehovha
ndavhomora munondo wangu kubva mumuhara wawo; hauchazodzoke-
rimozve.'
6 "Naizvozvo, gomera, mwanakomana womunhu! Gomera pamberi
pavo nomwoyo wakapwanyika uye nokuchema neshungu. 7 Zvino
pavanokubvunza vachiti, 'Unogomereiko?' iwe uchati kwavari, 'Nemhaka
yamashoko ari kuuya. Mwoyo mumwe nomumwe uchanyauka uye ruoko

rumwe norumwe rucharemara, mweya mumwe nomumwe uchaziya uye
ibvi rimwe nerimwe richarukutika semvura.' Zviri kuuya! Zvirokwazvo
zvichaitika, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha."
8 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 9 "Mwanakomana wom-
unhu, profita uti, 'Zvanzi naJehovha:

" 'Munondo, munondo,
wakarodzwa uye wakapukutwa,
10 wakarodzerwa kuuraya,
wakapukutirwa kuti upenye semheni!

" 'Tichazofara here netsvimbo youshe yomwanakomana wangu Judha?
Munondo unozvidza zvimiti zvose zvakadai.

11 " 'Munondo wakagadzirirwa kuti upukutwe,
kuti ubatwe noruoko;
wakarodzwa uye wakapukutwa,
wakagadzirirwa kuiswa muruoko rwomuurayi.
12 Chema uungudze, mwanakomana womunhu,
nokuti unorwa navanhu vangu;
unorwa namachinda ose aIsraeri.
Vakakandwa kumunondo,
pamwe chete navanhu vangu.
Naizvozvo uzvirove chipfuva.

13 " 'Kuedzwa kuchauya zvirokwazvo. Ko, kana tsvimbo youshe ya-
Judha, iyo inozvidzwa nomunondo, ikasaenderera mberi chii chinoitika?
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.'

14 "Saka zvino, mwanakomana womunhu, profita
uye urovanise maoko ako pamwe chete.
Rega munondo ubaye kaviri,
kunyange katatu.
Ndiwo munondo wokuuraya,
iwo munondo wokuuraya kukuru,
uri kuuya kwavari kubva kumativi ose.
15 Kuti mwoyo inyungudike
uye vanowa vawande,
munondo ndakauyisa pamasuo avo ose kuti uuraye.
Haiwa, wakagadzirirwa kuti upenye semheni,
wakabatwa kuti uuraye.
16 Haiwa, iwe munondo, cheka kurudyi,
ugochekawo kuruboshwe,
kwose kunorerekera munondo wako.
17 Neniwo ndicharova maoko angu pamwe chete,
uye hasha dzangu dzichaserera.
Ini Jehovha ndazvitaura."

18 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti: 19 "Mwanakomana
womunhu, tara migwagwa miviri yomunondo wamambo weBhabhironi
yaachafamba nayo, yose iri miviri ichitangira munyika imwe chete. Uite
chikwangwari panoparadzana mugwagwa uchipinda muguta. 20 Utare
mugwagwa mumwe chete womunondo unouya kuzorwa neRabha ravaA-
moni uye mumwe uchizorwa neJudha neJerusarema rakakomberedzwa.
21 Nokuti mambo weBhabhironi achamira pamharadzano dzemugwagwa,
pamharadzano dzemigwagwa miviri, kuti aite zvokuvuka: Achakanda
mijenya nemiseve, achabvunza zvifananidzo zvake, achaongorora chi-
ropa. 22 Muruoko rwake rworudyi muchava nomujenya weJerusarema,
paachamisa zvokuparadza nazvo masvingo, kuti arayire zvokuuraya,

adanidzire zvehondo, amise zvokuparadza nazvo masuo, vavake mirwi
yokurwisa nokukomba guta. 23 Zvichange zvakaita sokuvuka kuna vaya
vakange vapikira kumuteerera, asi iye achavarangaridza nezvemhosva
yavo agovatora kuti avaite nhapwa.
24 "Naizvozvo zvanzi naJehovha, 'Nemhaka yokuti imi vanhu
makandiyeuchidza mhosva yenyu nokundimukira pachena, muchiratidza
pachena zvivi zvenyu pazvinhu zvose zvamunoita, nokuda kwokuti
makaita izvi, muchaitwa nhapwa.
25 " 'Haiwa, iwe muchinda waIsraeri akaipa uye anozvidza, ane zuva
rasvika, ane nguva yokurangwa kwake yasvika pakupedzisira, 26 zvanzi
naIshe Jehovha: Bvisai nguwani youprista, bvisai korona. Hazvichazo-
rambi zviri sezvazvaiva: vanozvidzwa vachasimudzirwa uye vanokudzwa
vachaninipiswa. 27 Dongo! Dongo! Ndichariita dongo! Harichazovan-
dudzwazve kusvikira mwene waro auya; ndiye wandichapa.'
28 "Uye iwe, mwanakomana womunhu, profita uti, 'Zvanzi naIshe
Jehovha pamusoro pavaAmoni nokutuka kwavo:
" 'Munondo, munondo,
wavhomorwa kuti uuraye,
wapukutwa kuti uparadze
uye kuti upenye semheni!
29 Kunyange vakaona zviratidzo zvenhema pamusoro pako,
vakavuka zvenhema pamusoro pako,
zvichaiswa pamitsipa
yavakaipa vachazourayiwa,
vane zuva ravo rasvika,
ivo vane nguva yokurangwa yasvika pokupedzisira.
30 Chidzosera munondo mumuhara wawo.
Panzvimbo yawakasikwa uri,
munyika yamadzitateguru ako,
ndipo pandichakutongera.
31 Ndichadurura hasha dzangu pamusoro pako,
uye ndigofemera kutsamwa kwangu kunotyisa pamusoro pako;
ndichakuisa kuvanhu vane utsinye,
vanhu vanoziva kuparadza.
32 Uchava huni dzomoto,
ropa rako richateurwa munyika yako,
hauchazorangarirwazve;
nokuti ini Jehovha ndazvitaura.' "

# 22

*Zvivi zveJerusarema*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, ucharitonga here? Ucharitonga here guta iri rokuteura ropa?
Ipapo urizivise mabasa aro ose anonyangadza 3 uti, 'Zvanzi naIshe
Jehovha: Haiwa iwe guta rinozvitsvakira kuparadzwa nokuda kwoku-
teura ropa pakati paro, nokuzvisvibisa nokuita zvifananidzo, 4 wava
nemhosva nokuda kweropa rawakateura uye wakasvibiswa nokuda
kwezvifananidzo zvawakaita. Wakasvitsa mazuva ako pamagumo, uye
magumo amakore ako asvika. Naizvozvo ndichakuita chinhu chinoshorwa
nendudzi nechinosekwa nenyika dzose. 5 Vari pedyo newe navari kure
vachakuseka, iwe guta rinonyadza, rizere nebope.

6 “ ‘Tarira uone muchinda mumwe nomumwe waIsraeri ari pakati pako
mateuriro aanoita ropa achishandisa simba rake. 7 Vakazvidza baba
namai vari mauri; vakamanikidza mutorwa uye nherera nechirikadzi
dziri mukati mako havana kudzibata zvakanaka. 8 Iwe wakashora zvinhu
zvangu zvitsvene uye wakasvibisa maSabata angu. 9 Mukati mako mune
vanhu vane makuhwa, vanofarira kuteura ropa; mukati mako muna
vanhu vanodyira kushongwe dzezvifananidzo kumakomo uye vanoita
mabasa eunzenza. 10 Mukati mako muna vanhu vasingakudzi nhoo dza-
madzibaba avo, mukati mako muna vanhu vanochinya vakadzi panguva
yavanenge vari kumwedzi, pavanenge vasina kuchena. 11 Mukati mako
mune mumwe munhu anoita zvinonyangadza nomukadzi womuvakidzani
wake, mumwe anochinya mukadzi womwana wake zvinonyadzisa, uye
mumwe anochinya hanzvadzi yake, mwanasikana wababa vake chaivo.
12 Mukati mako muna varume vanogamuchira fufuro kuti vateure ropa;
unotora mhindu inopfuura mwero, uchizviwanira pfuma yokubiridzira
kubva kuvavakidzani vako. Uye wakandikanganwa ini, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha.

13 “ ‘Zvirokwazvo ndicharovanisa maoko angu pamwe chete pamusoro
pepfuma isakarurama yawakaita uye neropa rawakateura pakati pako.
14 Ko, kushinga kwako kucharamba kuripo here kana kusimba kwamaoko
ako pazuva randichakutonga? Ini Jehovha ndakazvitaura, uye ndichazvi-
ita. 15 Ndichakuparadzira pakati pendudzi, ndichakuparadzira kunyika
dzakasiyana-siyana; uye ndichagumisa kusachena kwako. 16 Muchaziva
kuti ndini Jehovha, pamuchasvibiswa pamberi pendudzi.’ ”

17 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 18 “Mwanakomana
womunhu, imba yaIsraeri yaita samarara kwandiri; vose indarira,
netini, nesimbi nedare romutobvu rakasarira muvira romoto. Vakaita
samarara esirivha. 19 Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha, ‘Nemhaka yokuti
mose mava marara, ndichakuunganidzai muJerusarema. 20 Sezvinoitwa
navarume vanounganidza sirivha, ndarira, simbi, mutobvu netini
muvira romoto kuti zvinyungudiswe nokupiswa nezhenje, saizvozvo
ndichakuunganidzai pakutsamwa kwangu nehasha dzangu ndigokuisai
mukati meguta ndigokunyungudisai. 21 Ndichakuunganidzai ndigokufu-
ridzai nokupisa kwehasha dzangu uye muchanyungudika mukati maro.
22 Sokunyungudika kwesirivha iri muvira romoto, saizvozvo muchanyun-
gudika mukati maro, uye muchaziva kuti ini Jehovha ndadurura hasha
dzangu pamusoro penyu.’ ”

23 Shoko raJehovha rakasvikazve kwandiri richiti, 24 “Mwanakomana
womunhu, uti kunyika, ‘Iwe uri nyika isina kuwana mvura kana guti
pazuva rehasha dzangu.’ 25 Pane rangano yamachinda vari pakati payo
vanoomba seshumba iri kubvamburanya chayabata; vanodya vanhu,
vanotora pfuma nezvinhu zvinokosha uye vanoita kuti chirikadzi dzi-
wande mukati mayo. 26 Vaprista vayo vanoputsa mirayiro yangu uye
vanosvibisa zvinhu zvangu zvitsvene; havaoni mutsauko pakati pech-
inhu chitsvene nechinhuwo zvacho; vanodzidzisa kuti hapana mutsauko
pakati pezvisakachena nezvakachena; uye vanotsinzina meso avo kuti
varege kuchengeta maSabata angu, saka ini ndakasvibiswa pakati pavo.
27 Machinda ari mukati maro akaita samapumhi ari kubvamburanya chaa-
bata; vanoteura ropa uye vanouraya vanhu kuti vawane pfuma yokusaru-
rama. 28 Vaprofita vayo vanofukidza mabasa avo aya nezviratidzo
zvenhema nokuvuka. Vanoti, ‘Zvanzi naIshe Jehovha,’ izvo Jehovha

haana kutaura. 29 Vanhu vomunyika vanotora mari nokumanikidzira uye
vanoita ugororo; vanomanikidza varombo navanoshayiwa uye vanoitira
vatorwa zvakaipa, vachiramba kuvaruramisira.

30 "Ndakatsvaka munhu pakati pavo angavaka rusvingo uye agomira
pamberi pangu, pakakoromoka, achimirira nyika kuti ndirege kuparadza,
asi ndakashayiwa kana mumwe. 31 Saka ndichadururura kutsamwa kwangu
pamusoro pavo ndigovaparadza nokutsamwa kwangu, ndichiburutsira
pamisoro yavo zvavakaita zvose, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha."

# 23

*Vanasikana Vaviri Zvifeve*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, kwakanga kuna vakadzi vaviri, vanasikana vamai vamwe chete.
3 Vakava zvifeve muIjipiti, vakaita ufeve vachiri vadiki. Munyika
imomo, mazamu oumhandara hwavo akabatwa-batwa uye zvipfuva zvavo
zvakabatwa-batwa. 4 Zita romukoma rainzi Ohora, uye munun'una wake
ainzi Ohoribha. Ivo vakanga vari vangu uye vakabereka vanakomana
navanasikana. Ohora ndiye Samaria uye Ohoribha ndiye Jerusarema.

5 "Ohora akaita ufeve iye achiri wangu; akachiva zvikomba zvake,
ivo vaAsiria, varwi 6 vakanga vakapfeka nguo dzebhuruu, vabati na-
vatungamiri vehondo, vakanga vari majaya akanaka chose, uye vari
vatasvi vamabhiza. 7 Akaita ufeve navapamusoro-soro vose veAsiria uye
akazvisvibisa nezvifananidzo zvose zvavose vaaichiva. 8 Haana kurega
ufeve hwaakatangira kuIjipiti, paakavata navarume achiri muduku,
vakabata-bata chipfuva choumhandara hwake uye vakadurura ruchiva
rwavo pamusoro pake.

9 "Naizvozvo ndakamuisa kuzvikomba zvake, ivo vaAsiria, vaakanga
achichiva. 10 Vakamubvisa nguo akasara asina, ashama, vakatora vanako-
mana vake navanasikana ndokubva vamuuraya nomunondo. Akabva ava
shumo pakati pavakadzi uye akarangwa.

11 "Munun'una wake Ohoribha akazviona izvozvo, asi nokuda
kworuchiva rwake noufeve hwake, akanyanya ufeve kupfuura mukoma
wake. 12 Akachivawo vaAsiria, vatongi navatungamiri vehondo, varwi
vakapfeka zvakakwana, vatasvi vaifamba namabhiza, namajaya akanaka
ose. 13 Ndakaona kuti naiyewo akazvisvibisa; vose vari vaviri vakafamba
nenzira imwe cheteyo.

14 "Asi akaenderera mberi noufeve hwake. Akaona mifananidzo
yavarume pamadziro, mifananidzo yavaKaradhea mitsvuku, 15 vana
mabhandi akamonera muzviuno zvavo nenguwani dzemicheka dzairem-
bera pamisoro yavo; vakaita samachinda engoro dzeBhabhironi, vagari
veKaradhea. 16 Paakangovaona, akabva avachiva ndokutumira nhume
kwavari muKaradhea. 17 Ipapo vaBhabhironi vakauya kwaari, kun-
hoo yorudo, mukuchiva kwavo, vakamusvibisa. Shure kwokusvibiswa
kwake navo, akavafuratira kwazvo. 18 Paakaenderera mberi noufeve
hwake pachena uye akaratidza kushama kwake, ndakamufuratira zvan-
disembura, sokufuratira kwandakanga ndaita mukoma wake. 19 Asi
akaramba achiwedzera unzenza hwake achirangarira mazuva ouduku
hwake, paakanga ari chifeve muIjipiti. 20 Akachiva zvikomba zvake
ikoko, vane mitezo yakaita sembongoro uye zvinobuda mavari zvakaita
sezvamabhiza. 21 Saka wakapanga unzenza hwouduku hwako, pawaiva

muIjipiti chipfuva chako chakabatwa-batwa uye mazamu ouduku hwako
akabatwa-batwa.
22 “Naizvozvo, Ohoribha, zvanzi naIshe Jehovha: Ndichakumut-
sira zvikomba zvako kuti zvikurwise, ivo vawakasemburwa navo
ukavafuratira, ndichavauyisa kuzorwa newe vachibva kumativi ose,
23 vaBhabhironi navaKaradhea vose, varume vePekodhi neveShowa
neKowa, uye vaAsiria vose pamwe chete navo, majaya akanaka, vose vari
vabati nevatungamiri vamauto, namachinda engoro navarume vezvigaro
zvapamusoro, vose vakatasva mabhiza. 24 Vachauya kuzorwa newe vaine
zvombo, nengoro uye neboka ravanhu vazhinji, vachagadzirira kuti varwe
newe kumativi ose nenhoo huru neduku uye nenguwani dzokurwa nadzo.
Ndichakudzorera kwavari kuti urangwe, uye vachakuranga sezvakafanira
mitemo yavo. 25 Ndichamutsa godo rangu kuti ndirwe newe, uye ivo
vachakurwisa nehasha. Vachagura mhino yako nenzeve dzako, uye
vakasara venyu vachaurayiwa nomunondo. Vachakutorerai vanako-
mana venyu navanasikana venyu, uye vachasara venyu vachaparadzwa
nomoto. 26 Vachakubvisai nguo dzenyu uye vachakutorerai ukomba
hwenyu hwakaisvonaka. 27 Saka ndichagumisa unzenza hwenyu noufeve
hwamakatangira muIjipiti. Hamuchazotariri zvinhu izvi muchizvishuva
kana kuzorangarira Ijipiti zvakare.

28 “Nokuti zvanzi naIshe Jehovha: Ndava kuzokuisa mumaoko avanhu
vaunovenga, kuna avo vawakafuratira wasemburwa navo. 29 Ivo
vachakuitira ruvengo vagokutorera zvinhu zvose zvawakashandira.
Vachakusiya usina kupfeka wakashama, uye kunyadzisa kwoufeve hwako
kuchaiswa pachena. Unzenza hwako nokupata kwako 30 zvakaisa izvi
pamusoro pako, nokuti iwe wakachiva ndudzi ndokuzvisvibisa nezvi-
fananidzo zvadzo. 31 Wakafamba nenzira yomunun’una wako; saka
ndichaisa mukombe wake muruoko rwako.
32 “Zvanzi naIshe Jehovha:

“Uchanwa mukombe womukoma wako,
mukombe mukuru wakadzika;
uchakuvigira kusekwa nokumhurwa,
nokuti une zvakawanda.
33 Uchazadzwa nokudhakwa nokusuwa,
mukombe wokuparadza nokuputsa,
mukombe womukoma wako Samaria.
34 Uchanwa zvokupedza kuti tsvai;
uchauputsa ukava zvaenga
uye uchacheka mazamu ako.
Ndini ndazvitaura, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.

35 “Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Sezvo wakandikanganwa ukandi-
rasira shure kwako, unofanira kuzvitakurira matambudziko ounzenza
hwako noufeve hwako.”

36 Jehovha akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu unganditon-
gerewo Ohora naOhoribha here? Ipapo uvazivise zvinonyangadza zva-
vanoita, 37 nokuti vakaita ufeve uye ropa riri mumaoko avo. Vakaita ufeve
nezvifananidzo zvavo; vakasvika pakubayira vana vavo, vavakandiberek-
era ini, kuti zvive zvokudya zvavo. 38 Vakaitawo izvi kwandiri:
Panguva imwe cheteyo vakasvibisa nzvimbo yangu tsvene vakasvibisa
maSabata angu. 39 Pazuva ravakabayira vana vavo, kuzvifananidzo zvavo,
vakapinda munzvimbo yangu tsvene vakaisvibisa. Ndizvo zvavakaita
mumba mangu.

40 “Vakatuma kunyange nenhume kundodana varume uye pavakasvika
iwe wakazvishambidza nokuda kwavo, ukazodza meso ako ndokuzvis-
hongedza noukomba. 41 Wakagara panhoo yakaisvonaka ine tafura yak-
agadzikwa pamberi payo pawakanga wakaisa zvinonhuhwira namafuta
akanga ari angu.
42 “Mheremhere yavanhu vakanga vasina hanya yakanga yaka-
mukomberedza: VaSabhea vakaunzwa kubva kugwenga pamwe chete
navarume vaibva pamhomho yavanhu vezhowezhowe, uye vakashon-
gedza mabhenguro mumaoko omukadzi nomunun’una wake nekorona
dzakaisvonaka pamisoro yavo. 43 Ipapo ndakati pamusoro paiye akanga
apera noufeve, ‘Zvino ngavamushandise sechifeve, nokuti ndizvo zvaari.’
44 Ipapo vakavata naye. Sokuvata kunoita varume nechifeve, saizvozvo
vakavata navakadzi nzenza, ivo vanaOhora naOhoribha. 45 Asi vanhu
vakarurama vachavatonga nechirango chinopiwa vakadzi vanoita ufeve
uye vanoteura ropa, nokuti ivo zvifeve uye ropa riri pamaoko avo.
46 “Zvanzi naIshe Jehovha: Uyai neboka ravarwi vazovarwisa muvatyise
uye muvapambe. 47 Mhomho ichavatema namabwe uye igovabaya
neminondo; vachauraya vanakomana vavo navanasikana vavo vagopisa
dzimba dzavo.
48 “Saka ndichagumisa unzenza panyika, kuti vakadzi vose vayambirwe
vagorega kutevedzera. 49 Ucharangwa nokuda kwounzenza hwako uye
uchatakura mubayiro wezvivi zvokufeva kwako. Ipapo uchaziva kuti
ndini Ishe Jehovha.”

# 24

*Hari yokubikira*

1 Mugore rechipfumbamwe, nomwedzi wegumi pazuva regumi, shoko
raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 “Mwanakomana womunhu, nyora
zita rezuva iri, zuva iro rino chairo, nokuti mambo weBhabhironi akomba
Jerusarema pazuva irori. 3 Taurira imba yokumukira iyi mufananidzo, uti
kwavari, ‘Zvanzi naIshe Jehovha:
“ ‘Gadza hadyana; igadze
ugodira mvura mairi.
4 Uise mairi nhindi dzenyama,
nhindi dzakanaka, gumbo nebandauko.
Uizadze namapfupa akaisvonaka aya;
5 utore gwai rakasanangurwa.
Uise huni pasi payo kuitira mapfupa;
uivirise
ugobika mapfupa imomo.

6 “ ‘Nokuti zvanzi naIshe Jehovha:
“ ‘Rine nhamo guta rinoteura ropa,
nehadyana ine ngura, mukati mayo,
ine ngura isingabvi.
Budisai nhindi imwe neimwe
musingakandi mijenya nokuda kwadzo.

7 “ ‘Nokuti ropa rarakateura riri pakati paro:
Rakaridururira paruware pasina chinhu;
harina kuriteurira pavhu,

paringafukidzwa neguruva.
8 Kuti ndimutse hasha dzangu ndigotsiva
ndakaisa ropa raro paruware pasina chinhu
kuti rirege kufukidzwa.

9 " 'Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha:
" 'Rine nhamo guta rinoteura ropa!
Neniwo, ndichaunganidza huni dzakawanda.
10 Saka tutira huni
ugobatidza moto.
Ubike nyama zvakanaka,
uchisanganisa nezvinonhuhwira;
uye urege mapfupa atsve.
11 Ipapo ugoisa hadyana isina chinhu pamazimbe
kusvikira yapisa ndarira yayo yan'aima
kuti kusachena kwayo kunyauke
uye tsvina yayo itsve yose.
12 Zvakunda kushingaira kwangu kwose;
tsvina yayo zhinji haina kubviswa,
kunyange nomoto chaiwo.
13 " 'Zvino kusachena kwako ndihwo unzenza hwako. Nokuti ndakaedza
kukunatsa asi hauna kunatswa pakusachena kwako, hauchazonatswizve
kusvikira hasha dzangu dzabva pamusoro pako.
14 " 'Ini Jehovha ndakazvitaura. Nguva yangu yokuzviita yasvika.
Handingaregi; handinganzwiri ngoni, uye handingazvidembi. Ucha-
tongwa zvakafanira mabasa ako namafambiro ako, ndizvo zvinotaura Ishe
Jehovha.' "

### *Kufa kwoMukadzi waEzekieri*

15 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 16 "Mwanakomana
womunhu, ndava kuzokutorera uyo anofadza meso ako kamwe chete.
Asi usachema kana kuungudza kana kubudisa misodzi. 17 Gomera chin-
yararire; usachema akafa. Gara wakasunga nguwani yako zvakasimba
uye neshangu dziri mumakumbo ako; urege kufumbira zasi kwouso
hwako kana kudya zvokudya zvavanochema."
18 Saka mangwanani ndakataura kuvanhu, uye mukadzi wangu akafa
madekwana. Fume mangwana, ndakaita zvandakanga ndarayirwa.
19 Ipapo vanhu vakandibvunza vachiti, "Haungatiudzi kuti zvinhu izvi
zvinorevei kwatiri here?"
20 Saka ndakati kwavari, "Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti,
21 Uti kuimba yaIsraeri, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Ndava pedyo nokusvibisa
nzvimbo yangu tsvene, iyo nhare yamunozvirumbidza nayo, iwo mufaro
wamaziso enyu, nechinhu chamunoda. Vanakomana navanasikana
vamakasiya vachaurayiwa nomunondo. 22 Uye imi muchaita sezvan-
dakaita. Hamungazofumbiri zasi kwezviso zvenyu kana kudya zvokudya
zvavanochema. 23 Mucharega nguwani dzenyu dziri mumisoro yenyu
neshangu dziri mumakumbo enyu. Hamungaungudzi kana kuchema asi
muchaonda nokuda kwezvivi zvenyu uye muchagomera pakati penyu.
24 Ezekieri achava chiratidzo kwamuri; muchaita sezvaakaita. Panoitika
izvi, imi muchaziva kuti ndini Ishe Jehovha.'
25 "Uye iwe, mwanakomana womunhu, pazuva randichavatorera nhare
dzavo mufaro wavo nokukudzwa kwavo, mufaro wamaziso avo, chishuvo

chemwoyo yavo, uye vanakomana navanasikana vavowo, [26] pazuva iro
mutizi achauya kuzokuudza zvinenge zvaitika. [27] Panguva iyoyo muromo
wako uchazaruka; uchataura naye uye hauchazonyararizve. Saka iwe
uchava chiratidzo kwavari, uye vachaziva kuti ndini Jehovha."

# 25

*Chiprofita pamusoro peAmoni*

[1] Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, [2] "Mwanakomana wom-
unhu, ringira chiso chako pamusoro pavaAmoni uprofite pamusoro
pavo. [3] Uti kwavari, 'Inzwai shoko raIshe Jehovha. Zvanzi naIshe
Jehovha: Nokuda kwokuti imi makati, "Toko waro!" pamusoro pen-
zvimbo yangu tsvene panguva yayakasvibiswa napamusoro penyika
yeIsraeri payakaparadzwa, napamusoro pavanhu veJudha pavakaenda
kuutapwa, [4] naizvozvo ndichakuisai kuvanhu vokuMabvazuva kuti
muve vavo. Vachadzika misasa yavo uye vachamisa matende avo
pakati penyu; vachadya michero yenyu uye vachanwa mukaka wenyu.
[5] Ndichashandura Rabha rikava mafuro engamera uye Amoni kuti ive
nzvimbo inozororera makwai. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha.
[6] Nokuti zvanzi naIshe Jehovha: Nokuda kwokuti makauchira maoko
enyu mukadzana-dzana netsoka dzenyu muchifara noruvengo rwose
rwemwoyo yenyu rwamunovenga narwo nyika yeIsraeri, [7] naizvozvo
ndichatambanudza ruoko rwangu pamusoro penyu ndigokupai kuti
mupambwe nendudzi. Ndichakubvisai chose kubva kundudzi uye
ndigokupedzai munyika dzose. Ndichakuparadzai; uye muchaziva kuti
ndini Jehovha.' "

*Chiprofita pamusoro peMoabhu*

[8] "Zvanzi naIshe Jehovha: 'Nokuda kwokuti Moabhu neSeiri vakati,
"Tarirai, imba yaJudha yafanana nedzimwe ndudzi," [9] naizvozvo
ndichaisa pachena rutivi rwaMoabhu, kutangira pamavambo maguta oku-
muganhu anoti Bheti Jeshimoti, Bhaari Meoni neKiriataimi iko kukudzwa
kwenyika iyoyo. [10] Ndichapa Moabhu pamwe chete navaAmoni kuvanhu
vokuMabvazuva kuti vave vavo, kuti vaAmoni varege kuzorangarirwa
pakati pendudzi; [11] uye ndicharanga Moabhu. Ipapo vachaziva kuti ndini
Jehovha.' "

*Chiprofita pamusoro peEdhomu*

[12] "Zvanzi naIshe Jehovha: 'Nokuda kwokuti Edhomu akatsiva pa-
musoro peimba yaJudha vakava nemhosva huru pakuita izvozvo,
[13] naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Ndichatambanudza ruoko rwangu
pamusoro peEdhomu ndigouraya vanhu vose varo nezvipfuwo zvavo.
Ndichariparadza uye kubva kuTemani kusvika kuDhedhani vachaurayiwa
nomunondo. [14] Ndichatsiva Edhomu noruoko rwavanhu vangu, uye
vachaitira Edhomu zvakafanira kutsamwa kwangu nehasha dzangu;
vachaziva kutsiva kwangu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.' "

*Chiprofita pamusoro peFiristia*

[15] "Zvanzi naIshe Jehovha: 'Nokuda kwokuti vaFiristia vakazvitsivira
vakatsiva noruvengo mumwoyo yavo, uye noruvengo rwamakore na-
makore vakatsvaka kuparadza Judha, [16] naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha:
Ndava pedyo nokutambanudza ruoko rwangu pamusoro pavaFiristia, uye
ndichauraya vaKereti ndigoparadza vaya vakasara pamhenderekedzo.

17 Ndichatsiva nokutsiva kukuru pamusoro pavo uye ndichavaranga
muhasha dzangu. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha, pandichatsiva
pamusoro pavo.' "

# 26

*Chiprofita pamusoro peTire*

1 Mugore regumi nerimwe, pazuva rokutanga romwedzi, shoko raJe-
hovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana womunhu, nokuda
kwokuti Tire yakati kuJerusarema, 'Toko waro! Suo rokundudzi raputsika,
uye makonhi aro azarukira kwandiri; zvino zvarava dongo ini ndich-
abudirira,' 3 naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Ndiri kukurwisa, iwe Tire,
uye ndichauyisa marudzi mazhinji kuti azorwa newe, segungwa rinorasa
mafungu aro. 4 Vachaparadza masvingo eTire uye vachaondomora
shongwe dzaro; ndichakukurira marara aro kure ndigoriita dombo
risina chinhu. 5 Richava nzvimbo yokuruka mimbure yehove kugungwa
ikoko, nokuti ndakazvitaura, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Richava
chinhu chinopambwa chendudzi, 6 uye ugaro hwaro hwokumaruwa
huchaparadzwa nomunondo. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha.

7 "Nokuti zvanzi naIshe Jehovha: Ndichauyisira Tire Nebhukad-
hinezari mambo weBhabhironi, mambo wamadzimambo, achibva ne-
chokumusoro, ana mabhiza nengoro, navatasvi vamabhiza nehondo
huru. 8 Achaparadza ugaro hwamaruwa ako nomunondo, achakuvakira
nhare dzokurwa newe, uye achavaka mirwi yokurwa pamasvingo ako
agosimudza nhoo dzokukurwisa nadzo. 9 Achatuma zvokuparadza
nazvo masvingo ako agokoromora shongwe dzako nezvombo zvake.
10 Mabhiza ake achawanda kwazvo zvokuti muchafukidzwa negu-
ruva rawo. Masvingo ako achadengenyeka nomubvumo wamabhiza
ehondo, nengoro dzamavhiri mana nengoro dzamavhiri maviri paanenge
achipinda pamasuo ako somunhu anopinda muguta rina masvingo
akaondomoka. 11 Mahwanda amabhiza ake achatsika-tsika nzira dzako
dzomumisha dzose; achauraya vanhu vako nomunondo, uye mbiru dzako
dzakasimba dzichawira pasi. 12 Vachapamba pfuma yako uye vachaba
zvaunotengesa: vachakoromorera pasi masvingo ako uye vachaputsa
dzimba dzako dzakaisvonaka uye vacharasa matombo ako nematanda
namarara ako mukati megungwa. 13 Ndichagumisa mheremhere yenziyo
dzako, uye kurira kwembira dzako hakuchazonzwikwazve. 14 Ndichakuita
dombo risina chinhu, uye uchava nzvimbo yokuyanika mimbure yehove.
Hauchazovakwizve, nokuti ini Jehovha ndakazvitaura, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha.

15 "Zvanzi naIshe Jehovha kuTire: Ko, zviwi hazvichadengenyeki
here pakunzwa mubvumo wokuwa kwako, vakakuvadzwa pavanenge
vachigomera uye kuuraya kuchiitika mauri? 16 Ipapo machinda ose
omuzviwi achaburuka pazvigaro zvawo zvoushe vagoisa nhumbi dzavo
dzoushe parutivi uye vagobvisa vachidedera nguva dzose, vashamiswa
newe. 17 Ipapo vachachema pamusoro pako vagoti kwauri:
" 'Wakaparadzwa sei, iwe guta romukurumbira,
wakanga uzere navanhu vomugungwa!
Wakanga uri simba pamusoro pamakungwa,
iwe navanhu vako;
wakaisa kutya kwako
pamusoro pavo vose vaigara ikoko.

18 Zvino zviwi zvinodengenyeka
pazuva rokuwa kwako;
zviwi zviri mugungwa
zvavhundutswa nokuwa kwako.'
19 "Zvanzi naIshe Jehovha: Pandichaita kuti guta rako rive dongo,
samamwe maguta asingachagarwi uye pandinouyisa kudzika kwegungwa
pamusoro pako uye mvura zhinji dzaro dzikakufukidza, 20 ipapo
ndichakuburutsa pamwe chete navaya vanoburukira kugomba, kuvanhu
vakarekare. 21 Ndichakusvitsa kumagumo anotyisa uye hauchazovapozve.
Uchatsvakwa, asi haungawanikwizve, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha."

# 27

*Kuchema pamusoro peTire*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, chema pamusoro peTire. 3 Uti kuTire, riri pasuo rokugungwa,
mushambadziri wavanhu vamarudzi ose pazviwi zvizhinji, 'Zvanzi naIshe
Jehovha:
" 'Unoti, iwe Tire,
"Ini ndakakwana parunako."
4 Simba rako rakanga riri pamakungwa makuru;
vavaki vako vakaita kuti runako rwako rusvike pakukwana.
5 Vakaita mapuranga ako ose
emiti yemipaini inobva kuSeniri;
vakatora musidhari waibva kuRebhanoni,
kuti vakuitire danda rokutsigira maseiri muchikepe.
6 Vakaita matanda okukwasva nawo
omuouki aibva kuBhashani;
namapuranga omusipuresi aibva kuzviwi zveSaipurasi
vakaita uriri hwako namapuranga, ane nyanga dzenzou mukati.
7 Maseiri ako akanga ari omucheka wakarukwa zvakaisvonaka waibva kuIjipiti,
uye wakashandiswa somureza wako;
zvifukidzo zvako zvamatende zvakanga zviri bhuruu nepepuru,
zvaibva kumahombekombe aErisha.
8 Varume veSidhoni neArivhadhi ndivo vakanga vari vakwasvi vako;
mhizha dzako, iwe Tire dzakanga dzirimo savafambisi vako vechikepe.
9 Mhare dzoumhizha dzeGebhari vakanga varimo,
savavaki vechikepe kuti vaname maburi emaseiri ako.
Zvikepe zvose zvegungwa navafambisi vazvo
vakauya kuzotengeserana newe zvawakagadzira.

10 " 'Varume vokuPezhia, neRidhia nePuti
vakashanda savarwi muhondo yako.
Vakarembedza nhoo dzavo nenguwani pamasvingo ako,
vachikuvigira mbiri.
11 Varume vokuArivhadhi nevokuHereki
vakakomba masvingo ako kumativi ose;
varume vokuGamadhi
vakanga vari mushongwe dzako.
Vakaturika nhoo dzavo pamasvingo ako;
vakaita kuti runako rwako rukwane.

12 “ ‘Tashishi yakatengeserana newe nokuda kwepfuma yako huru yen-
humbi; vakatsinhanisa sirivha, nesimbi, netini nedare zvokushambadzira
zvako.
13 “ ‘Girisi, Tubhari neMesheki dzakatengeserana newe; vakatsinhanisa
nhapwa nezvinhu zvendarira zvezvigadzirwa zvako.
14 “ ‘Varume veBheti Togarima vakatsinhanisa mabhiza ebasa namab-
hiza ehondo namanyurusi kuti uzvishambadzire.
15 “ ‘Varume vokuRodhe vakatengeserana newe, uye zviwi zvizhinji
zvakanga zviri nzvimbo dzako dzokutengesera; vaikuripira nenyanga
dzenzou nomuti womuvanga.
16 “ ‘Aramu yakatengeserana newe nokuda kwezvibereko zvako
zvizhinji; vakatsinhanisa matombo eturikoise nemicheka yepepuru, nez-
vakarukwa, nemicheka yakaisvonaka, nekorari namatombo amarubhi
zvokutengesa zvako.
17 “ ‘Judha neIsraeri vakatengeserana newe, vakatsinhanisa gorosi
neMiniti nezvinotapira, uchi, mafuta nebharimi nezvigadzirwa zvako.
18 “ ‘Dhamasiko, rakatengeserana newe nokuda kwezvigadzirwa zvako
zvizhinji nepfuma yenhumbi newaini yaibva kuHeribhoni newuru yaibva
kuZahari.
19 “ ‘VaDhani navaGiriki vaibva kuUzari vakatenga zvawaishambadzira;
vakatsinhanisa simbi yakabikwa, nekasia, nekaramo zvigadzirwa zvako.
20 “ ‘Dhedhani akatengeserana newe machira okugarira pamabhiza.
21 “ ‘Arabhia namachinda ose eKedhari vakanga vachikutengera;
vakatengeserana newe namakwayana, makondobwe nembudzi.
22 “ ‘Vashambadziri vokuShebha neRama vakatengeserana newe; pane
zvawaishambadzira iwe ivo vakatsinhanisa namarudzi ezvinonhuhwira
ose uye namabwe anokosha, negoridhe.
23 “ ‘Harani, Kane neEdheni navashambadziri vokuShebha, Ashuri
neKirimadhi vakatengeserana newe. 24 Vakatengeserana newe mun-
zvimbo dzokutengesera nguo dzakaisvonaka, dzemicheka yebhuruu, nez-
vakarukwa, namachira amavara namabote akakoswa uye ane mafundo
akasimba.

25 “ ‘Zvikepe zveTashishi zvakashanda
pakutakura zvigadzirwa zvako.
Iwe wakazadzwa nezvitakurwa zvinorema,
imo mumwoyo megungwa.
26 Vakwasvi vako vanokutora
voenda newe kumakungwa makuru.
Asi mhepo yokumabvazuva ichakuputsa-putsa mumwoyo megungwa
chaimo.
27 Pfuma yako, nenhumbi dzokutengesa nezvakagadzirwa,
varayiri navafambisi vako vezvikepe navagadziri vazvo,
vashambadziri vako nevarwi vako vose,
uye vose varimo
vachanyura mukati momwoyo wegungwa,
pazuva rokuparadzwa kwechikepe chako.
28 Nyika dzokumahombekombe dzichadengenyeka
panodanidzira vafambisi vako vezvikepe.
29 Vose vanobata matanda okukwasva
vachasiya zvikepe zvavo;
vachairi nevafambisi vako vezvikepe
vachamira kumahombekombe.

30 Vachadanidzira namanzwi avo
vagochema zvikuru pamusoro pako;
vachakusha guruva pamisoro yavo
vagoumburuka mumadota.
31 Vachaveura misoro yavo nokuda kwako,
uye vachapfeka nguo dzamasaga.
Vachachema pamusoro pako nokurwadza kwomwoyo,
uye nokuchema kukuru.
32 Pavanoungudza nokuchema pamusoro pako,
vachachema pamusoro pako vachiti,
"Ndianiko akashaya rokureva seTire,
rakakomberedzwa negungwa?"
33 Pakabuda vashambadziri vako vachienda kugungwa,
wakagutisa ndudzi zhinji,
nepfuma yako huru uye nenhumbi dzako,
wakapfumisa madzimambo enyika.
34 Zvino wakaputsanyiwa negungwa
mumvura zhinji yakadzika;
nhumbi dzako navanhu vako vose
zvakanyura pamwe chete newe.
35 Vose vanogara mumahombekombe vanoshamiswa newe;
madzimambo avo anodedera nokutya,
uye zviso zvavo zvakanganiswa nokutyiswa.
36 Vashambadziri vari pakati pendudzi vanokuridzira muridzo;
wasvika kumagumo anonyangadza
uye hauchazovapozve.' "

# 28

*Chiprofita pamusoro paMambo weTire*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, uti kumubati weTire, 'Zvanzi naIshe Jehovha:
" 'Mukuzvikudza kwomwoyo wako
iwe unoti, "Ini ndiri mwari;
ndinogara pachigaro choushe chamwari,
pakati pomwoyo wamakungwa."
Asi uri munhu zvako uye hauzi mwari,
kunyange uchifunga kuti wakachenjera samwari.
3 Wakachenjera kukunda Dhanieri here?
Hauna chakavanzika chausingazivi here?
4 Wakazviwanira pfuma
nouchenjeri hwako nokunzwisisa kwako,
uye wakazviunganidzira goridhe nesirivha
muzvivigiro zvepfuma yako.
5 Wakawanza pfuma yako
nouchenjeri hwako hwokutengesa,
uye nokuda kwepfuma yako
mwoyo wako wakazvikudza.
6 " 'Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha:
" 'Nokuti unofunga kuti wakangwara,
sokungwara kwamwari,
7 ndava kuzouyisa vatorwa kuti vazokurwisa,

rudzi rwakaipisisa pakati pendudzi dzose,
vachavhomora minondo yavo kuti varwise kunaka nokuchenjera kwako,
vagosvibisa kupenya kwokubwinya kwako.
8 Vachakuburutsira kugomba,
uye uchafa rufu runorwadza
pakati pomwoyo wamakungwa.
9 Ipapo uchati here, “Ndiri mwari,”
pamberi pavanokuuraya?
Uchava munhu chete, kwete mwari,
mumaoko aivo vanokuuraya.
10 Uchafa rufu rwomunhu asina kudzingiswa
pamaoko avatorwa.
Ndazvitaura, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.’ ”
11 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti: 12 “Mwanakomana
womunhu, chemera mambo weTire ugoti kwaari, ‘Zvanzi naIshe Jehovha:
“ ‘Wakanga uri muenzaniso wokukwana,
uzere nouchenjeri wakakwana parunako.
13 Wakanga uri muEdheni,
bindu raMwari;
wakashongedzwa namatombo ose anokosha anoti:
rubhi, tapazi neemeradhi,
krisorite, onikisi, jasipa,
safuri, turikoise nebheriri.
Urongwa nezvitsigiro zvako zvakanga zvakagadzirwa negoridhe;
zvakagadzirwa pazuva rokusikwa kwako.
14 Wakazodzwa sekerubhi rinorinda,
nokuti ndiko kugadza kwandakakuita.
Wakanga uri pamusoro pegomo dzvene raMwari;
wakanga uchifamba pakati pamabwe omoto.
15 Wakanga usina chaungapomerwa panzira dzako,
kubva pazuva rawakasikwa
kusvikira kuipa pakwazowanikwa mauri.
16 Nokuwanda kwokushambadzira kwako
wakabva wazara nechisimba,
ndokubva watadza.
Saka ndakakudzinga mukunyadziswa kubva pagomo raMwari,
uye ndakakudzinga, iwe kerubhi rokurinda,
kuti ubve pakati pamabwe omoto.
17 Mwoyo wako wakazvikudza
nokuda kworunako rwako,
uye wakaodza uchenjeri hwako
nokuda kwokubwinya kwako.
Saka ndakakukanda panyika;
ndakakuita chinhu chinosekwa pamberi pamadzimambo.
18 Nokuda kwokuwanda kwezvivi zvako, uye nokubiridzira kwako mukushambadzira,
wakazvidza nzvimbo dzako tsvene.
Saka ndakaita kuti moto ubude kubva mauri,
ukakuparadza,
uye ndakakupisa kusvikira wava madota panyika,
pamberi pavose vaikuona.
19 Ndudzi dzose dzaikuziva
dzinoshamiswa newe;

wasvika pamagumo akaipisisa
uye hauchazovapozve.' "

*Chiprofita pamusoro peSidhoni*

[20] Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti: [21] "Mwanakomana
womunhu, rinzira chiso chako pamusoro peSidhoni; uprofite pamusoro
paro, [22] uti, 'Zvanzi naIshe Jehovha:
" 'Ndine mhaka newe, iwe Sidhoni,
uye ndichazviwanira kukudzwa mukati mako.
Vachaziva kuti ndini Jehovha,
pandichariranga
ndigozviratidza mariri kuti ndiri mutsvene.
[23] Ndichatuma denda pamusoro paro
ndigoita kuti ropa riyerere munzira dzaro.
Vakaurayiwa vachawa mariri,
nomunondo uchiririrwisa kumativi ose.
Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha.

[24] " 'Vanhu veIsraeri havachazovizve navavakidzani vanovagodora vachivarwadzisa sorukato runopinza. Ipapo vachaziva kuti ndini Ishe Jehovha.

[25] " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Pandinounganidza vanhu veIsraeri kubva kundudzi kwavakanga vakaparadzirwa, ndichazviratidza kuti ndiri mutsvene pakati pavo pamberi pendudzi. Ipapo vachagara munyika yavo
pachavo, yandakapa muranda wangu Jakobho. [26] Vachagaramo norugare
uye vachavaka dzimba nokusima minda yemizambiringa; vachagara norugare pandicharanga vavakidzani vavo vose vanovagodora. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha Mwari wavo.' "

# 29

*Chiprofita pamusoro peIjipiti*

[1] Mugore regumi, mumwedzi wegumi pazuva regumi namaviri, shoko
raJehovha rakasvika kwandiri richiti, [2] "Mwanakomana womunhu, rinzira
chiso chako pamusoro paFaro mambo weIjipiti. [3] Taura kwaari kuti,
'Zvanzi naIshe Jehovha:
" 'Ndine mhaka newe, iwe Faro mambo weIjipiti,
iyewe shato huru uvete pakati pehova dzako.
Iwe unoti, "Nairi ndorwangu;
ndakazvigadzirira pachangu."
[4] Asi ndichaisa zvikokovono mushaya dzako,
uye ndichaita kuti hove dzomuhova dzako dzinamatire pamakwati ako.
Ndichakukwevera kunze ubve pakati pehova dzako,
nehove dzose dzakanamatira pamakwati ako.
[5] Ndichakusiya mugwenga,
iwe nehove dzose dzomuhova dzako.
Uchawira pasi pabani pachena zvapo,
uye haungaunganidzwi kana kunongwa.
Ndichakupa sechokudya
kuzvikara zvenyika neshiri dzedenga.
[6] Ipapo vose vagere muIjipiti vachaziva kuti ndini Jehovha.

“ ‘Wakanga uri tsvimbo yorutsanga kuimba yaIsraeri. 7 Vakati
vachikubata namaoko avo, iwe ukatsemuka, ukabvarura mapfudzi avo;
pavakasendamira pauri, wakavhunika misana yavo ndokuminama.

8 “ ‘Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Ndichauyisa munondo kuzokur-
wisa nokuuraya vanhu vako nezvipfuwo zvavo. 9 Ijipiti ichava dongo
rakaparadzwa. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha.

“ ‘Nokuti iwe wakati, “Nairi ndorwangu; ndini ndakaruita,” 10 naizvozvo
ndine mhaka newe nehova dzako, uye ndichaita kuti nyika yeIjipiti
iparadzwe ive dongo kubva kuMigidhori kusvikira kuAswani, kundosvika
kumuganhu weEtiopia. 11 Hakuna rutsoka kana rwemhuka ruchapfuura
nomo; hakuna achagaramo kwamakore makumi mana. 12 Nyika yeIjipiti
ndichaiita dongo pakati penyika dzakaparadzwa, uye maguta ayo achava
matongo kwamakore makumi mana pakati pamaguta akaitwa matongo.
Uye ndichaparadzira vaIjipita pakati pendudzi, ndichavadzingira kunyika
zhinji.

13 “ ‘Asi zvanzi naIshe Jehovha: Mushure mamakore makumi mana
ndichaunganidza vaIjipita kubva kundudzi dzandakanga ndavadzingira.
14 Ndichavadzosa kubva kuutapwa ndigovadzosera kunyika yePatirosi,
nyika yamadzitateguru avo. Vachava ushe hwakazvidzwa ikoko.
15 Huchava ushe hwakazvidzika chose uye hahuchazozvisimudzirizve pa-
musoro pedzimwe ndudzi. 16 Ijipiti haichazombovizve chivimbo chavanhu
veIsraeri asi ichava chirangaridzo chechivi chavo chokucheukira kwairi
kuti vabatsirwe. Ipapo vachaziva kuti ndini Ishe Jehovha.’ ”

17 Mugore ramakumi maviri namanomwe, nomwedzi wokutanga
pazuva rokutanga, shoko rakasvika kwandiri richiti, 18 “Mwanakomana
womunhu, Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi akabatisa hondo
yake basa guru rokurwa neTire; musoro mumwe nomumwe wakasvu-
urwa uye pfudzi rimwe nerimwe rakasvotorwa. Kunyange zvakadaro
iye nehondo yake havana kuwana mubayiro pamusoro pebasa ravakaita
achirwa naro. 19 Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Ndiri kuzopa
nyika yeIjipiti kuna Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi, uye iye
achatapa pfuma yayo. Achapamba nokutora nyika somuripo wehondo
yake. 20 Ndakamupa Ijipiti somubayiro wokushingaira kwake nokuti iye
nehondo yake vakandibatira ini, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.

21 “Pazuva iro ndichameresa runyanga rweimba yaIsraeri, uye ndichaz-
arura muromo wako pakati pavo. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha.”

# 30

*Kuchema pamusoro peIjipiti*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 “Mwanakomana wom-
unhu, profita uti, ‘Zvanzi naIshe Jehovha:

“ ‘Ungudza uti,
“Haiwa, zuva iro!”
3 Nokuti zuva rava pedyo,
zuva raJehovha rava pedyo,
zuva ramakore,
nguva yokuparadzwa kwendudzi.
4 Munondo uchauya pamusoro peIjipiti,
uye kurwadziwa kuchauya pamusoro paEtiopia.
Vakaurayiwa pavachawa muIjipiti,
pfuma yake ichatakurwa ichienda kure

uye nheyo dzayo dzichakoromorwa.
5 Etiopia nePuti, Ridhia neArabhia yose, Ribhiya navanhu venyika
yesungano vachaurayiwa nomunondo pamwe chete neIjipiti.
6 " 'Zvanzi naJehovha:
" 'Vanotsigira Ijipiti vachawa
uye simba rainozvikudza naro richapera.
Kubva kuMigidhori kusvikira kuAswani,
vachaurayiwa nomunondo mukati pake,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
7 Vachaparadzwa
pakati penyika dzakaparadzwa,
uye maguta avo achava
pakati pamaguta akaitwa matongo.
8 Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha,
pandichatungidza moto kuIjipiti
uye vabatsiri vayo vose vachaparadzwa.
9 " 'Pazuva iro, nhume dzichabva kwandiri dziri muzvikepe kuti
dzindotyisidzira Etiopia kuti abve pakuvarairwa kwake. Ucharwadziwa
pazuva rokuparadzwa kweIjipiti, nokuti zvirokwazvo rinouya.
10 " 'Zvanzi naIshe Jehovha:
" 'Ndichagumisa vanhu vose veIjipiti
noruoko rwaNebhukadhinezari mambo weBhabhironi.
11 Iye nehondo yake, rudzi rwakaipisisa pakati pendudzi,
achauyiswa kuti azoparadza nyika.
Vachavhomora minondo yavo kuti varwise Ijipiti,
uye vachazadza nyika navakaurayiwa.
12 Ndichaomesa hova dzeNairi,
uye ndichatengesa nyika kuvanhu vakaipa;
namaoko avatorwa
ndichaparadza nyika nezvose zviri mairi.
Ini Jehovha ndazvitaura.
13 " 'Zvanzi naIshe Jehovha:
" 'Ndichaparadza zvifananidzo
uye ndichagumisa mifananidzo yeMemufisi.
MuIjipiti hamuchazovizve nomuchinda,
uye ndichaparadzira kutya munyika yose.
14 Ndichaita kuti Patirosi ive dongo,
ndichapisa Zoani,
uye ndicharanga Tebhesi.
15 Ndichadururira hasha dzangu pamusoro pePerusiami,
iyo nhare yeIjipiti,
uye ndichaparadza vanhu vose veTebhesi.
16 Ndichapisa Ijipiti;
Perusiami ichazvonyongoka nokurwadziwa.
Tebhesi richakukurwa nedutu;
Memufisi ichagara iri munhamo.
17 Majaya okuHerioporisi neokuBhubhastisi
achaurayiwa nomunondo,
uye maguta achatapwa.
18 Zuva iroro richava rerima paTapanhesi,
pandichavhuna joko reIjipiti;
kuzvikudza kwesimba raro kuchapera ipapo.

Richafukidzwa namakore,
uye misha yaro ichatapwa.
19 Saka ndicharanga Ijipiti,
uye vachaziva kuti ndini Jehovha.' "
20 Mugore regumi nerimwe, mumwedzi wokutanga pazuva rechinomwe
shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 21 "Mwanakomana womunhu,
ndavhuna ruoko rwaFaro mambo weIjipiti. Haruna kusungwa kuti
rupore kana kuiswa chiseketo kuti ruve nesimba rokubata munondo.
22 Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Ndine mhaka naFaro mambo
weIjipiti. Ndichavhuna maoko ake ose ari maviri, ruoko rwakanaka
norwakavhunika, ndigoita kuti munondo uwe kubva muruoko rwake.
23 Ndichaparadzira vaIjipita pakati pendudzi ndigovadzingira mun-
yika dzose. 24 Ndichasimbisa ruoko rwamambo weBhabhironi uye
ndichaisa munondo wangu muruoko rwake, asi ndichavhuna maoko
aFaro, uye achagomera pamberi pake somunhu akuvadzwa zvokuti
achafa. 25 Ndichasimbisa maoko amambo weBhabhironi, asi maoko aFaro
acharembera pasi. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha, pandichaisa
munondo muruoko rwamambo weBhabhironi agouvheyesa kuti arwise
Ijipiti. 26 Ndichaparadzira vaIjipiti pakati pendudzi ndigovadzingira
munyika dzose. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha."

# 31

*Musidhari womuRebhanoni*

1 Mugore regumi nerimwe, mumwedzi wechitatu pazuva rokutanga,
shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana womunhu,
uti kuna Faro mambo weIjipiti navanhu vake vose:
" 'Ndianiko angaenzaniswa nemi paushe?
3 Rangarirai Asiria, yaimbova musidhari muRebhanoni,
wakanga una matavi akaisvonaka akanga akafukidzira dondo;
wakanga wakareba kwazvo,
manhengenya awo ari pamusoro pamashizha akapfumvutira.
4 Mvura zhinji yakaupa zvokudya,
zvitubu zvakadzika zvakaita kuti urebe;
hova dzacho dzakayerera dzichipoteredza hunde,
uye dzakatumira mironga yadzo kumiti yose yesango.
5 Saka wakareba kwazvo
kupfuura miti yose yesango,
mativi awo akawanda
uye matavi awo akareba,
achitandavara nokuda kwemvura zhinji.
6 Shiri dzose dzedenga
dzakavakira matendere adzo pamatavi awo,
mhuka dzose dzesango
dzakaberekera pasi pamatavi awo;
ndudzi dzose huru
dzakagara pamumvuri wawo.
7 Wakanga uchiyevedza parunako,
namatavi awo akatandavara,
nokuti midzi yawo yaidzika pasi
kune mvura zhinji.
8 Misidhari yomubindu raMwari
yakanga isingagoni kuukunda,

uye miti yomupaini
yakanga isingaenzani namatavi awo,
uye miti yemipurani
hayaienzaniswa namatavi awo,
hakuna muti mubindu raMwari
waienzana nawo pakunaka.
9 Ndakauita muti unoyevedza
una matavi akawanda,
muti waiyemurwa nemiti yose yomuEdheni
mubindu raMwari.
10 " 'Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha: Nemhaka yokuti wakanga
wakareba kwazvo, uchisimudzira manhengenya awo pamatavi akap-
fumvutira, uye nemhaka yokuti wakazvikudza nokuda kwokureba
kwawo, 11 ndakauisa kumutongi wendudzi, kuti vamuitire zvakafanira
kuipa kwawo. Ndakaukanda padivi, 12 uye rudzi rwakaipisisa kundudzi
dzavatorwa rwakautemera pasi ndokuusiya. Matavi awo akawira pa-
makomo nomumipata yose; matavi awo ose akavhunikira muhova dzose
dzenyika. Ndudzi dzose dzomunyika dzakabva pasi pomumvuri wawo
dzikausiya. 13 Shiri dzose dzedenga dzakamhara pamuti wakawa, uye
mhuka dzose dzenyika dzakanga dziri pakati pamatavi awo. 14 Naizvozvo
hakuna mimwe miti iri pamvura zhinji ichareba kwazvo ichizvikudza,
ichizvisimudzira manhengenya ayo pamusoro pamatavi akapfumvutira.
Hakuna mimwe miti inowana mvura yakadai ichazombosvika paurefu
hwakadai; yose ichafa, nokuti nyika iri pasi, pakati pavanhu vanofa,
navaya vanoburukira kugomba.
15 " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Pazuva rawakaburutsirwa muguva ndaka-
fukidza matsime akadzika kuti aungudze nokuda kwawo ndikamisa
hova dzawo, uye mvura yawo zhinji yakadziviswa. Nemhaka yawo
ndakafukidza Rebhanoni nokusuwa, uye miti yose yesango yakasvava.
16 Ndakaita kuti ndudzi dzidedere padzakanzwa kuwa kwako pandakubu-
rusira muguva navaya vanoenda mugomba nawo. Ipapo miti yose
yomuEdheni, yakasarudzika uye neyakanakisa muRebhanoni, miti yose
yakanga ichiwana mvura yakakwana, yakanyaradzwa panyika pasi.
17 Vaya vaigara mumumvuri wawo, navaya vavaibatana navo pakati
pendudzi, vakanga vaburukirawo muguva nawo, vachiva pamwe navaya
vakaurayiwa nomunondo.
18 " 'Ndeipiko miti yeEdheni ingaenzaniswa newe pakubwinya noushe?
Kunyange zvakadaro, newewo, uchaburutswa pamwe chete nemiti
yeEdheni panyika pasi; ucharara pakati pavasina kudzingiswa, navaya
vakaurayiwa nomunondo.
" 'Ndiye Faro navanhu vake vazhinji, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.' "

# 32

*Kuchema pamusoro paFaro*

1 Mugore regumi namaviri, mumwedzi wegumi nemiviri pazuva roku-
tanga, shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana
womunhu, chemera Faro mambo weIjipiti uti kwaari:
" 'Iwe wakafanana neshumba pakati pendudzi;
wakaita sechikara mukati mamakungwa
uchibvongodza-bvongodza mukati mehova dzako,
uchibvongodza mvura netsoka dzako
uye uchiita kuti hova dzive namatope.

3 “ ‘Zvanzi naIshe Jehovha:
“ ‘Neboka ravanhu vazhinji
ndichakanda mambure angu pamusoro pako,
uye vachakukweva mumumbure wangu.
4 Ndichakukanda panyika
ndichakurasira pamhene.
Ndichamharisa shiri dzose dzedenga pamusoro pako,
uye zvikara zvose zvomunyika zvichagutswa newe.
5 Ndichayanika nyama yako pamakomo,
ndigozadza mipata nezvitunha zvako.
6 Ndichadiridza nyika neropa rako rinenge richiyerera
kusvikira kumakomo,
uye nzizi dzichazadzwa nenyama yako.
7 Pandichakudzima, ndichafukidza matenga
uye ndichasvibisa nyeredzi;
ndichafukidza zuva mugore,
uye mwedzi haungabudisi chiedza chawo.
8 Zviedza zvose zvinopenya zvedenga
ndichazvidzima pamusoro pako;
ndichauyisa rima pamusoro penyika yako,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
9 Ndichatambudza mwoyo yavanhu vazhinji,
pandichauyisa kuparadzwa kwako pakati pendudzi,
pakati penyika dzausina kumboziva.
10 Ndichaita kuti marudzi mazhinji ashamisike pamusoro pako,
uye madzimambo avo achadedera nokutya nokuda kwako,
pandichavheyesa munondo wangu pamberi pavo.
Pazuva rokuwa kwako
mumwe nomumwe wavo achadedera
nguva dzose, nokuda kwoupenyu hwake.
11 “ ‘Nokuti zvanzi naIshe Jehovha:
“ ‘Munondo wamambo weBhabhironi
uchauya kuzokurwisa.
12 Ndichaita kuti vanhu vako vazhinji vawe
nokuda kweminondo yavane simba,
vanhu vakaipisisa pandudzi dzose.
Vachaparadza kuzvikudza kweIjipiti,
uye vanhu vayo vazhinji vachakundwa.
13 Ndichaparadza mombe dzayo dzose
dziri panhivi dzemvura zhinji,
hakuchazova norutsoka rwomunhu ruchaibvongodza,
kana namahwanda emombe achaibvongodza.
14 Ipapo ndichaita kuti mvura yavo igadzikane,
uye ndichaita kuti hova dzayo dziyerere samafuta,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
15 Pandichaita Ijipiti kuti ive dongo
uye pandichabvisa zvose zviri mairi,
pandichauraya vose vanogaramo,
ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha.’
16 “Aya ndiwo mashoko okuchema avachaiimbira. Vanasikana vendudzi
vachaimba; nokuda kweIjipiti navanhu vayo vose vazhinji vachaimba,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.”

17 Mugore regumi namaviri, pazuva regumi namashanu romwedzi,
shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 18 “Mwanakomana wom-
unhu, ungudza nokuda kwavanhu vazhinji veIjipiti uye uvawisire pasi
zvose iyo nyika navanasikana vendudzi dzine simba, pamwe chete
navaya vanoburukira kugomba. 19 Uti kwavari, ‘Ko, imi munonyanya
kudikanwa kupfuura vamwe here? Burukai munoradzikwa pakati
pavasina kudzingiswa.’ 20 Vachava pakati pavakaurayiwa nomunondo.
Munondo wavhomorwa; ngaakweverwe kunze pamwe chete navanhu
vake vazhinji. 21 Vatungamiri vane simba vari mukati meguva, vachati
pamusoro peIjipiti navabatsiri vayo, ‘Vaburukira kuno uye vavete pamwe
chete navasina kudzingiswa, navaya vakaurayiwa nomunondo.’

22 “Asiria iriko nehondo yayo yose; yakakomberedzwa namakuva
avakaurayiwa vayo vose, vose vakaurayiwa nomunondo. 23 Makuva ayo
ari pasi pasi mugomba uye hondo yayo ivete yakakomberedza rinda rayo.
Vose vakanga vaparadzira kutya munyika yavapenyu vakaurayiwa vakafa
nomunondo.

24 “Eramu iriko, pamwe chete navanhu vayo vazhinji vose
vakapoteredza rinda rayo. Vose vakaurayiwa, vakafa nomunondo. Vose
vakanga vatyisidzira vamwe munyika yavapenyu vakaburukira panyika
pasi vasina kudzingiswa. Vakatakura nyadzi dzavo navaya vanoburukira
kugomba. 25 Yakawaridzirwa mubhedha pakati pavakaurayiwa, nevanhu
vayo vazhinji vakakomberedza rinda rayo. Vose havana kudzingiswa,
vakaurayiwa nomunondo. Nemhaka yokuti kutyisidzira kwavo kwakanga
kwapararira munyika yavapenyu, vanotakura nyadzi dzavo navaya
vanoburukira kugomba, vakaradzikwa pakati pavakaurayiwa.

26 “Mesheki neTubhari dziripo, navanhu vadzo vazhinji vakakomba
marinda adzo. Vose havana kudzingiswa, vakaurayiwa nomunondo
nokuti vakatyisidzira vanhu munyika yavapenyu. 27 Ko, havana kuvata
navamwe varwi vasina kudzingiswa here, ivo vakafa, vakaburukira
muguva vane zvombo zvavo zvehondo, uye minondo yavo yakaiswa pasi
pemisoro yavo? Kurangwa nokuda kwezvivi zvavo kuri pamusoro pamap-
fupa avo, kunyange kutyisidzira kwavanhu ava kwakanga kwapararira
munyika yavapenyu.

28 “Newewo, iwe Faro, uchavhunwa uye uchavata pakati pavasina
kudzingiswa.

29 “Edhomu iriko namadzimambo ayo namachinda ayo ose; kunyange
ane simba, vakaradzikwa navaya vakaurayiwa nomunondo. Vakavata
navasina kudzingiswa, navaya vanoburukira kugomba.

30 “Machinda ose okumusoro navaSidhoni variko; vakadzika navakau-
rayiwa mukunyadziswa kunyange simba ravo raityisa. Vakavata vasina
kudzingiswa pamwe chete navakaurayiwa nomunondo vakatakura kun-
yadziswa kwavo pamwe chete navaya vanoburukira kugomba.

31 “Faro, iye nehondo yake, achavaona agonyaradzwa nokuda kwa-
vanhu vake vazhinji vakaurayiwa nomunondo, ndizvo zvinotaura Ishe
Jehovha. 32 Kunyange ndakamurega achityisidzira vamwe munyika
yavapenyu, Faro navanhu vake vazhinji vacharadzikwa pakati pavasina
kudzingiswa, navaya vakaurayiwa nomunondo, ndizvo zvinotaura Ishe
Jehovha.”

# 33

*Ezekieri, Nharirire yaJehovha*

[1] Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, [2] "Mwanakomana wom-
unhu, taura kuvanhu venyika yako uti kwavari: 'Kana ndikauyisa
munondo pamusoro penyika, uye vanhu venyika iyo vakasarudza mumwe
wavo vakamuita nharirire yavo, [3] uye iye akaona munondo uchiuya
kuzorwa nenyika akaridza hwamanda kuti anyevere vanhu, [4] ipapo ani
naani kana akanzwa hwamanda asi akasava nehanya nenyevero uye
munondo ukasvika ukamuuraya, ropa rake richava pamusoro wake.
[5] Sezvo akanzwa kurira kwehwamanda asi akashaya hanya, ropa rake
richava pamusoro wake. Dai akateerera kunyeverwa, angadai akaponesa
upenyu hwake. [6] Asi kana nharirire ikaona munondo uchiuya uye
ikasaridza hwamanda kuti iyambire vanhu uye munondo ukasvika
ukabvisa upenyu hwomumwe wavo, munhu uyo achabviswa hake nokuda
kwechivi chake, asi ndichabvunza ropa rake kunharirire.'

[7] "Mwanakomana womunhu, ndakakuita nharirire yeimba yaIsraeri;
saka inzwa shoko randinotaura ugovaudza yambiro inobva kwandiri.
[8] Kana ndikati kuno akaipa, 'Iwe munhu wakaipa, uchafa zvirokwazvo,'
uye iwe ukasamutaurira kuti umunyevere panzira dzake, munhu uyo
akaipa achafa nokuda kwechivi chake, asi ropa rake ndicharibvunza
kwauri. [9] Asi iwe kana ukanyevera munhu wakaipa uyu kuti adzoke kubva
panzira dzake, iye akasaita izvozvo, achafa nokuda kwechivi chake, asi iwe
unenge waponesa upenyu hwako.

[10] "Mwanakomana womunhu, uti kuimba yaIsraeri, 'Izvi ndizvo zva-
munoreva muchiti, "Kutadza kwedu nezvivi zvedu zvinotiremera, uye
tapera nokuda kwazvo. Zvino tingararama seiko?"' [11] Uti kwavari,
'Zvirokwazvo noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha, han-
ditongofariri rufu rwowakaipa, asi kuti vatendeuke kubva panzira dzavo
vagorarama. Tendeukai! Tendeukai pazvakaipa zvenyu! Muchafireiko,
imi imba yaIsraeri?'

[12] "Naizvozvo, mwanakomana womunhu, uti kuvanhu venyika yako,
'Kururama kwowakarurama hakugoni kumuponesa kana asingateereri,
uye kuipa kwomunhu akaipa hakungamuiti kuti awe kana akatendeuka
kubva pakuri. Munhu akarurama, kana akatadza, haangatenderwi kuti
ararame nokuda kwokururama kwaaiva nako kare.' [13] Kana ndikaudza
munhu akarurama kuti achafa zvirokwazvo, asi zvino iye ovimba noku-
rurama kwake, ndokuita zvakaipa, hakuna zvinhu zvakarurama zvaakaita
kare zvicharangarirwa; achafa nokuda kwezvakaipa zvaakaita. [14] Uye
kana ndikati kumunhu akaipa, 'Iwe uchafa zvirokwazvo,' asi zvino iye
akatendeuka pachivi chake uye akaita zvakanaka nezvakarurama, [15] kana
akadzorera zvaakatora norubatso sechikwereti, akadzosa zvaakaba, akat-
evera mitemo youpenyu, akasaita zvakaipa, zvirokwazvo achararama;
haangafi. [16] Hakuna zvivi zvaakaita zvicharangarirwa pamusoro pake.
Akaita zvakanaka uye zvakarurama; achararama zvirokwazvo.

[17] "Kunyange zvakadaro, vanhu venyika yako vanoti, 'Nzira yaShe
haina kururama.' Asi nzira yavo ndiyo isina kururama. [18] Kana
munhu akarurama akatsauka pakururama kwake, akaita zvakaipa, achafa
nokuda kwazvo. [19] Uye munhu akaipa akatendeuka pazvakaipa zvake
akaita zvakanaka uye zvakarurama, achararama nazvo. [20] Kunyange
zvakadaro, imi imba yaIsraeri, munoti, 'Nzira yaShe haina kururama.' Asi
ndichatonga mumwe nomumwe wenyu zvakafanira nzira dzake."

### *Kuwa kweJerusarema kunorondedzerwa*

21 Mugore regumi namaviri rokutapwa kwedu, mumwedzi wegumi
pazuva reshanu, munhu akanga apunyuka paJerusarema akasvika
kwandiri achiti, "Guta rawa!" 22 Zvino madekwana munhu uya
asati asvika, ruoko rwaJehovha rwakanga rwuri pamusoro pangu, uye
akashamisa muromo wangu munhu uya asati asvika kwandiri mang-
wanani. Saka muromo wangu wakazarurwa ndikasazonyararazve.
23 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 24 "Mwanakomana
womunhu, vanhu vanogara mumatongo ayo munyika yaIsraeri vari kuti,
'Abhurahama akanga ari munhu mumwe chete, asi akatora nyika. Asi
isu tiri vazhinji; zvirokwazvo nyika yakapiwa kwatiri senhaka yedu.'
25 Naizvozvo uti kwavari, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Sezvo muchidya nyama
neropa rayo uye muchitarira kuzvifananidzo zvenyu uye muchiteura
ropa, zvino mungatora nyika here? 26 Imi munovimba nomunondo
wenyu, muchiita zvinhu zvinonyangadza, uye mumwe nomumwe wenyu
achisvibisa mukadzi wehama yake. Zvino mungatora nyika here?'
27 "Taura kwavari kuti, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Zvirokwazvo noupenyu
hwangu, vaya vakasara mumatongo vachaurayiwa nomunondo, vaya vari
kumamisha, ndichavapa kuzvikara zvesango kuti zvivadye, uye vaya
vari munhare nomumapako vachafa nehosha. 28 Nyika ndichaiita dongo
rakaparadzwa, uye simba rokuzvikudza kwayo richasvika kumagumo,
uye makomo aIsraeri achaparadzwa zvokuti hakuna achaadarika. 29 Ipapo
vachaziva kuti ndini Jehovha, pandichashandura nyika ikava dongo
rakaparadzwa nokuda kwezvinonyangadza zvavakaita.'
30 "Asi kana uriwe, mwanakomana womunhu, vanhu venyika yako
vanotaurirana pamwe chete pamusoro pako pamasvingo uye napamikova
yedzimba, vachiti kuno mumwe nomumwe wavo, 'Uyai munzwe shoko
rabva kuna Jehovha.' 31 Vanhu vangu vanouya kwauri, sezvavanosiita,
ndokugara pamberi pako kuti vateerere kumashoko ako, asi havaaiti.
Vanondirumbidza nemiromo yavo, asi mwoyo yavo inokarira pfuma
yokusarurama. 32 Zvirokwazvo, iwe wakaita somunhu anoimba rwiyo
rworudo kwavari nezwi rakaisvonaka uye achiridza chiridzwa zvakanaka,
nokuti vanonzwa mashoko ako asi havaaiti.
33 "Panoitika izvi zvose, uye zvichaitika zvirokwazvo, ipapo vachaziva
kuti muprofita akanga ari pakati pavo."

# 34

*Vafudzi naMakwai*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, profita pamusoro pavafudzi vaIsraeri; profita uti kwavari, 'Zvanzi
naIshe Jehovha: Vane nhamo vafudzi vaIsraeri vanongova nehanya
yokuzvifudza pachavo! Ko, vafudzi havafaniri kufudza makwai here?
3 Munodya ruomba, munozvifukidza namakushe muchiuraya makwai
akakora, asi hamuna hanya namakwai. 4 Hamuna kusimbisa asina simba
kana kurapa anorwara kana kusunga akakuvara. Hamuna kutsvaka
akarasika kana kudzosa akadzingwa. Makaabata nehasha uye noutsinye.
5 Saka akapararira nokuti kwakanga kusina mufudzi, uye paakapararira
akava zvokudya zvezvikara zvesango. 6 Makwai angu akadzungaira
pamusoro pamakomo napazvikomo zvose. Akaparadzirwa panyika yose,
uye hakuna akaaronda kana kuatsvaka.
7 " 'Naizvozvo, imi vafudzi, inzwai shoko raJehovha: 8 Zvirokwazvo
noupenyu hwangu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha, nokuda kwokuti

makwai angu ashayiwa mufudzi, nokudaro akapambwa akava zvokudya zvemhuka dzose dzesango, uye nemhaka yokuti vafudzi vangu havana kuatsvaka asi kuti vakazvifudza vamene pachinzvimbo chamakwai angu,
9 naizvozvo imi vafudzi, inzwai shoko raJehovha: 10 Zvanzi naIshe Jehovha: Ndine mhaka navafudzi uye vachazvidavirira pamusoro pamakwai angu. Ndichavabvisa pakufudza makwai angu kuitira kuti vafudzi varege kuzozvifudza pachavo. Ndicharwira makwai angu pamiromo yavo, uye haachazovi chokudya chavo.

11 " 'Nokuti zvanzi naIshe Jehovha: Ini pachangu ndichazvitsvakira makwai angu ndigoafudza.
12 Somufudzi anofudza makwai ake akapararira paanenge anawo, saizvozvo neni ndichafudza makwai angu. Ndichaarwira kubva panzvimbo dzose dzaanga akapararira pazuva ramakore nerima.
13 Ndichaabudisa kubva kundudzi ndigoaunganidza kubva kunyika dzose, uye ndigoauyisa munyika yawo. Ndichaafudzira pamakomo aIsraeri, muhova, nomunzvimbo dzokugara dzose dzenyika.
14 Ndichaafudzira mumafuro akanaka, uye pamusoro pamakomo aIsraeri ndipo paachafura. Acharara pasi pamafuro akanaka ikoko, uye achafura pabumhudza rakanaka ikoko kumakomo eIsraeri.
15 Ini pachangu ndichafudza makwai angu nokuavatisa pasi, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
16 Ndichatsvaka akarasika ndigodzosa akatetereka. Ndichasunga akakuvara ndigosimbisa asina simba, asi akakora neane simba ndichaaparadza. Ndichafudza boka nokururamisira.

17 " 'Asi kana murimi, boka rangu, zvanzi naIshe Jehovha: Ndichatonga pakati pegwai nerimwe gwai, uye pakati pamakondobwe nembudzi.
18 Ko, hazvina kuringana kwamuri here kuti mudye pamafuro akanaka? Zvakafanira here kuti mutsike netsoka dzenyu mafuro enyu akasara? Ko, hazvina kuringana here kuti munwe mvura yakachena? Ko, zvakafanira here kuti musvibise mvura yakasara namakumbo enyu?
19 Ko, makwai angu angafanirwa nokudya kana kunwa zvamakabvongodza netsoka dzenyu here?

20 " 'Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha kwavari: Tarira, ini ndimene ndichatonga pakati peakakora nemakwai akaonda.
21 Nokuda kwokuti munosunda norutivi nepfudzi, muchitunga makwai asina simba nenyanga dzenyu kusvikira maadzingira kure,
22 ini ndicharwira makwai angu, uye haangazopambwizve. Ndichatonga pakati pehwai neimwe hwai.
23 Ndichaisa pamusoro pawo mufudzi mumwe chete, muranda wangu Dhavhidhi uye achaafudza; iye achaafudza agova mufudzi wawo.
24 Ini Jehovha ndichava Mwari wavo, uye muranda wangu Dhavhidhi achava muchinda pakati pawo. Ini Jehovha ndazvitaura.

25 " 'Ndichaita sungano yorugare navo uye ndichadzinga zvikara panyika kuti vagogara mugwenga vagovata zvakanaka musango.
26 Ndichaaropafadza nenzvimbo dzakapoteredza chikomo changu. Ndichanayisa mvura nenguva yayo; pachava nemibvumbi yamaropafadzo.
27 Miti yesango ichabereka michero yayo uye ivhu richabereka zvibereko zvaro; vanhu vachagara zvakanaka panyika yavo. Vachaziva kuti ndini Jehovha, pandichavhuna mazariro amajoko avo ndigovanunura kubva mumaoko aavo vanovaita nhapwa.
28 Havachazopambwizve nendudzi, uye zvikara zvesango hazvingavadyizve. Vachagara zvakanaka, uye hakuna angavatyisa.
29 Ndichavapa nyika ine mukurumbira nokuda kwezvibereko zvayo,

uye havangazovi nedambudziko renzara munyika kana kuva chinhu
chinosekwa nendudzi. 30 Ipapo vachaziva kuti ini, Jehovha Mwari
wavo, ndinavo uye kuti ivo, imba yaIsraeri, ndivo vanhu vangu,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. 31 Imi makwai angu, makwai amafuro
angu, muri vanhu, uye ini ndiri Mwari wenyu, ndizvo zvinotaura Ishe
Jehovha.' "

# 35

*Chiprofita pamusoro peEdhomu*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 "Mwanakomana wom-
unhu, rinzira chiso chako pamusoro peGomo reSeiri; uprofite pamusoro
paro, 3 uti, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Ndine mhaka newe iwe Gomo reSeiri,
uye ndichatambanudzira ruoko rwangu kuzorwa newe ndigokuita dongo
raparadzwa. 4 Ndichashandura maguta ako akava matongo uye iwe
uchaparadzwa. Ipapo uchaziva kuti ndini Jehovha.
5 " 'Nemhaka yokuti wakafundira ruvengo rwako rwakare ukaisa
vaIsraeri kumunondo panguva yenjodzi yavo, panguva iyo kurangwa
kwavo kwakanga kwasvika pamusoro-soro, 6 naizvozvo, noupenyu
hwangu zvirokwazvo, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha, ndichakuisa
kukuteura ropa uye richakuteverera. Sezvo usina kuvenga kuteura
ropa, kuteura ropa kuchakuteverera. 7 Ndichaita kuti Gomo reSeiri
rive dongo uye ndichaparadza vose vanopinda napo uye nevanobuda
napo. 8 Ndichazadza makomo ako navakaurayiwa; vaya vakaurayiwa
nomunondo vachawira pazvikomo nomumipata yenyu uye nomunzizi
dzenyu dzose. 9 Ndichakuparadza nokusingaperi, maguta ako haachazog-
arwi. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha.
10 " 'Nemhaka yokuti iwe wakati, "Ndudzi mbiri idzi nenyika idzi
dzichava dzedu uye tichadzitora," kunyange dai ini Jehovha ndaivapo,
11 naizvozvo, noupenyu hwangu zvirokwazvo, ndizvo zvinotaura Ishe Je-
hovha, ndichakuitira zvakafanira kutsamwa negodo rawakaratidza muku-
vavenga kwako uye ndichaita kuti vandizive pakati pavo pandichaku-
tonga. 12 Ipapo uchaziva kuti ini Jehovha ndakanzwa zvose zvinonyadza
zvawakataura zvinorwisa makomo eIsraeri. Iwe wakati, "Akaparadzwa
uye akapiwa kwatiri kuti tiadye." 13 Wakazvirumbidza pamusoro
pangu uye wakataura zvakaipa pamusoro pangu usingazvidzori, uye ini
ndakazvinzwa. 14 Zvanzi naIshe Jehovha: Panguva inofara nyika yose, ini
ndichakuita dongo. 15 Nokuti iwe wakafara panguva yakaparadzwa nhaka
yeimba yaIsraeri, ndizvo zvandichakuitirawo iwe. Uchava dongo, iwe
Gomo reSeiri, iwe neEdhomu yose. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha.' "

# 36

*Chiprofita kuMakomo eIsraeri*

1 "Mwanakomana womunhu, profita pamusoro pamakomo eIsraeri uti,
'Imi makomo eIsraeri, inzwai shoko raJehovha. 2 Zvanzi naIshe Jehovha:
Muvengi akati kwauri, "Toko waro! Nzvimbo dzakakwirira dzekare
dzava dzedu." ' 3 Naizvozvo profita uti, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Nemhaka
yokuti vakakuparadzai uye vakakudzingirai kumativi ose kusvikira mava
vanhu vendudzi dzose uye nechinhu chinoshorwa navanhu, nechinore-
hwa, 4 naizvozvo, imi makomo eIsraeri, inzwai shoko raIshe Jehovha:
Zvanzi naIshe Jehovha kumakomo nokuzvikomo, kuhova nokumipata,

kumatongo akaparadzwa okumaguta akasiyiwa akanga apambwa uye
akasekwa nendudzi dzose dzakakupoteredzai, [5] zvanzi naIshe Jehovha:
Mumoto wokushingaira kwangu, ndakataura pamusoro pendudzi dza-
kasara, uye pamusoro peEdhomu yose, nokuti nomufaro uye negodo rem-
woyo yavo vakaita nyika yangu nhaka yavo kuitira kuti vapambe mafuro
avo.' [6] Naizvozvo profita pamusoro penyika yeIsraeri uti kumakomo
nokuzvikomo, kuhova nokumipata: 'Zvanzi naIshe Jehovha: Ndinotaura
negodo nehasha dzangu nokuti makashorwa nendudzi. [7] Naizvozvo
zvanzi naIshe Jehovha: Ndinopika noruoko rwakasimudzwa kuti ndudzi
dzakakupoteredza naidzo dzichashorwawo.

[8] " 'Asi imi, iyemi makomo eIsraeri, muchabudisa matavi nemichero
yavanhu vangu ivo Israeri, nokuti vachakurumidza kudzokera kumusha.
[9] Ndine hanya newe uye ndichakutarira neziso rine tsitsi; ucharimwa
ugodyarwa, [10] uye ndichawanza vanhu pamusoro pako, kunyange iyo
imba yose yaIsraeri. Maguta achagarwa uye matongo achavakwazve.
[11] Ndichawedzera kuwanda kwavanhu nezvipfuwo pamusoro pako uye
vachava nezvibereko vagowanda kwazvo. Ndichagarisa vanhu mauri
sezvazvakanga zvakaita kare uye ndichaita kuti mubudirire kupfuura
pakutanga. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha. [12] Ndichaita kuti vanhu,
ivo vanhu vangu Israeri, vafambe pamusoro pako. Vachakutora uye
muchava nhaka yavo; hamuchazovatorerizve vana vavo.

[13] " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Nokuti vanhu vanoti kwauri, "Iwe unodya
vanhu uye unotorera rudzi rwako vana," [14] naizvozvo hauchazodyi
vanhu kana kushayisa rudzi rwako vana, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
[15] Handichazoiti kuti unzwe kutuka kwendudzi, hauchazoshorwi navanhu
uye handichazoiti kuti rudzi rwako ruwe, ndizvo zvinotaura Ishe Je-
hovha.' "

[16] Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, [17] "Mwanakomana
womunhu, vanhu vaIsraeri pavaigara munyika yavo chaiyo, vakaisvibisa
namaitiro avo uye namabasa avo. Maitiro avo akanga akaita sokusachena
kwomukadzi ari kumwedzi pamberi pangu. [18] Saka ndakadurura hasha
dzangu pamusoro pavo nokuti vakanga vateura ropa munyika uye nokuti
vakanga vakaisvibisa nezvifananidzo zvavo. [19] Ndakavaparadzira pakati
pendudzi, uye vakadzingirwa kunyika dzose; ndakavatonga zvakafanira
mufambiro wavo namabasa avo. [20] Uye kwose kwose kwavakaenda pakati
pendudzi, vakasvibisa zita rangu dzvene, nokuti zvakanzi pamusoro
pavo, 'Ava ndivo vanhu vaJehovha, asi vakatonzi vabve munyika yake.'
[21] Ndakanga ndine hanya nezita rangu dzvene, rakanga rasvibiswa neimba
yaIsraeri pakati pendudzi kwavakanga vaenda.

[22] "Naizvozvo uti kuimba yaIsraeri, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Hakusi
kuda kwenyu, imi imba yaIsraeri, kuti ndiite zvinhu izvi, asi imhaka yezita
dzvene, ramakasvibisa pakati pendudzi kwamakaenda. [23] Ndicharatidza
utsvene hwezita rangu guru, rakanga rasvibiswa pakati pendudzi, iro zita
ramakasvibisa pakati pavo. Ipapo ndudzi dzichaziva kuti ndini Jehovha,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha, panguva yandinoratidza utsvene hwangu
kubudikidza newe pamberi pavo.

[24] " 'Nokuti ndichakubudisa pakati pendudzi; ndichakuunganidzai
kubva kunyika dzose ndigokudzoserai munyika yangu chaiyo.
[25] Ndichasasa mvura yakachena pamusoro penyu, uye muchava
vakachena, ndichakunatsai patsvina yenyu yose napazvifananidzo
zvenyu. [26] Ndichakupai mwoyo mutsva nokuisa mweya mutsva mukati

menyu, ndichabvisa mwoyo webwe mamuri ndigoisa mwoyo wenyama
mukati menyu. 27 Uye ndichaisa Mweya wangu mukati menyu uye
ndichakuitai kuti mutevere mitemo yangu mugochenjerera kuchengeta
mirayiro yangu. 28 Muchagara munyika yandakapa madzitateguru
enyu; imi muchava vanhu vangu, uye ini ndichava Mwari wenyu.
29 Ndichakuponesai kubva pakusachena kwenyu kwose. Ndichadana
zviyo ndigozviwanza uye handingauyisi nzara pamusoro penyu.
30 Ndichawanza zvibereko zvemiti uye nezvirimwa zveminda, kuitira
kuti murege kuzoshorwazve pakati pendudzi nokuda kwenzara. 31 Ipapo
mucharangarira nzira dzenyu dzakaipa namabasa enyu akaipa, uye
muchazvisema pachenyu nokuda kwezvivi zvenyu namabasa enyu
anonyangadza. 32 Ndinoda kuti muzive kuti handisi kuita izvi nokuda
kwenyu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Nyaraiwo uye munyadziswe
nokuda kwamaitiro enyu, imi, imba yaIsraeri!

33 " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Pazuva randinokunatsai pazvivi zvenyu
zvose, ndichagarisa vanhu mumaguta enyu uye matongo achavakwazve.
34 Nyika yakanga yava dongo icharimwazve pachinzvimbo chokugara iri
dongo pamberi pavose vanopfuura napo. 35 Vachati, "Nyika iyi yakanga
yaparara iye zvino yafanana nebindu reEdheni; maguta akanga ava
matongo aparadzwa, zvino akomberedzwa uye ogarwa." 36 Ipapo ndudzi
dzakasara, dzakakupoteredzai dzichaziva kuti ini Jehovha ndakavakazve
zvakanga zvaparadzwa uye ndakadyarazve zvakanga zvaparadzwa. Ini
Jehovha ndazvitaura, uye ndichazviita.'

37 "Zvanzi naIshe Jehovha: Ndichagamuchirazve chikumbiro cheimba
yaIsraeri ndigovaitira izvi: Ndichawanza kwazvo vanhu vavo sokuwanda
kwamakwai, 38 sokuwanda kwakaita mapoka ezvipiriso paJerusarema
panguva yemitambo yaro yakatarwa. Saka maguta akaparadzwa achaz-
adzwa namapoka avanhu. Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha."

# 37

### *Mupata waMapfupa Akaoma*

1 Ruoko rwaJehovha rwakanga rwuri pamusoro pangu, uye akandibud-
isa noMweya waJehovha akandiisa pakati pomupata; wakanga uzere
namapfupa. 2 Akanditungamirira kuno nokoko pakati pawo, uye
ndakaona mapfupa mazhinji zhinji pamusoro pomupata; mapfupa akanga
akaoma kwazvo. 3 Akandibvunza akati, "Mwanakomana womunhu,
mapfupa aya angararama here?"

Ini ndakati, "Imi Ishe Jehovha, iyemi moga munoziva."

4 Ipapo iye akati kwandiri, "Profita kumapfupa aya uti kwaari, 'Imi map-
fupa akaoma, inzwai shoko raJehovha: 5 Zvanzi naIshe Jehovha kumap-
fupa aya: Ndichaisa mweya mukati menyu mugorarama. 6 Ndichaisa
marunda pamuri ndigoita kuti muve nenyama pamusoro penyu uye
ndichakufukidzai neganda; ndichaisa mweya mukati menyu uye muchava
vapenyu. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha.' "

7 Saka ndakaprofita sezvandakarayirwa. Zvino ndakati ndichiprofita,
kwakava nomumvumo, nokurira kwaiti kweche kweche, uye mapfupa
akaswededzana, bvupa nebvupa. 8 Ndakatarira, ndikaona marunda
nenyama zvavapo uye zvakafukidzwa neganda, asi makanga musina
mweya mukati mazvo.

9 Ipapo akati kwandiri, “Profita kumhepo; profita, mwanakomana
womunhu, uti kwairi, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Uya uchibva kumhepo
ina, iwe mweya, ufemere mukati maava vakaurayiwa, kuti vararame.’ ”
10 Saka ndakaprofita sezvaakandirayira, mweya ukapinda mukati mavo;
vakararama vakamira netsoka dzavo, iri hondo huru kwazvo.
11 Ipapo akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, mapfupa aya ndiyo
imba yose yaIsraeri. Ivo vanoti, ‘Mapfupa edu aoma uye hatisisina tariro;
taparadzwa hedu.’ 12 Naizvozvo profita uti kwavari, ‘Zvanzi naIshe Je-
hovha: Haiwa vanhu vangu, ndiri kuzozarura marinda enyu ndigokubud-
isai maari; ndichakudzoseraizve kunyika yaIsraeri. 13 Ipapo imi, vanhu
vangu, muchaziva kuti ndini Jehovha, pandichazarura marinda enyu
ndichikubudisai maari. 14 Ndichaisa mweya wangu mukati menyu
mugorarama, uye ndichakugarisai munyika yenyu. Ipapo muchaziva kuti
ini Jehovha ndakazvitaura, uye ndakazviita, ndizvo zvinotaura Jehovha.’ ”

### *Rudzi rumwe chete pasi pamambo mumwe chete*

15 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 16 “Mwanakomana
womunhu, tora rutanda unyore parwuri kuti, ‘ZvaJudha nezvaIsraeri
shamwari dzake.’ Ipapo utore rumwe rutanda, ugonyora pamusoro
parwo kuti, ‘Rutanda rwaEfuremu, norwaJosefa neimba yose yaIsraeri
neshamwari dzake.’ 17 Uzvibatanidze pamwe chete zvive rutanda rumwe
kuitira kuti zvive rutanda rumwe chete muruoko rwako.
18 “Kana vanhu venyika yako vakakubvunza vachiti, ‘Haungatiudziwo
zvaunoreva nechinhu ichi here?’ 19 uti kwavari, ‘Zvanzi naJehovha:
Ndiri kuzotora rutanda rwaJosefa, rwuri muruoko rwaEfuremu, ner-
waIsraeri shamwari dzake, ndigorubatanidza nerwaJudha, ndichiaita
rutanda rumwe chete rwehuni, agova rutanda rumwe chete muruoko
rwangu.’ 20 Uabate pamberi pavo iwo matanda awakanyora paari 21 ugoti
kwavari, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Kubva munyika dzose kwavakanga
vaenda ndichadzosera vaIsraeri munyika yavo. 22 Ndichavaita rudzi
rumwe chete munyika iyo, pamakomo eIsraeri. Pachava namambo
mumwe chete pamusoro pavo vose uye havachazovazve marudzi maviri
kana kupatsanurwa kuti vave umambo huviri. 23 Havachazozvisvibisizve
nezvifananidzo zvavo kana nezvinonyangadza zvavo kana kudarika kuipa
kwavo, nokuti ini ndichavaponesa pazvivi zvavo zvokudzokera shure, uye
ndichavanatsa. Vachava vanhu vangu uye ini ndichava Mwari wavo.
24 “ ‘Muranda wangu Dhavhidhi achava mambo pamusoro pavo, uye
vose vachava nomufudzi mumwe chete. Vachatevera mirayiro yangu
uye vachachenjerera kuchengeta mitemo yangu. 25 Vachagara munyika
yandakapa kumuranda wangu Jakobho, iyo nyika yaigara madzibaba
avo. Vachagaramo nokusingaperi ivo navana vavo navana vavana
vavo uye Dhavhidhi muranda wangu achava muchinda wavo nokusin-
gaperi. 26 Ndichaita sungano yorugare navo; ichava sungano isingaperi.
Ndichavasimbisa, ndichavawanza uye ndichaisa nzvimbo yangu tsvene
pakati pavo nokusingaperi. 27 Ugaro hwangu huchava pakati pavo, ini
ndichava Mwari wavo, uye ivo vachava vanhu vangu. 28 Ipapo ndudzi
dzichaziva kuti ini Jehovha ndinoita Israeri kuti ave mutsvene, kana
nzvimbo yangu tsvene ikagara pakati pavo nokusingaperi.’ ”

## 38

### *Chiprofita pamusoro paGogi*

1 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 2 “Mwanakomana wom-
unhu, rinzira chiso chako kuna Gogi, wenyika yeMagogi, muchinda
mukuru weMesheki neTubhari; uprofite pamusoro pake 3 uti, ‘Zvanzi
naIshe Jehovha: Ndine mhaka newe, iwe Gogi muchinda mukuru
weMesheki neTubhari. 4 Ndichakutendeutsa, ndigoisa zvikokovono
mushaya dzako ndigokubudisa iwe nehondo yako yose, mabhiza ako,
vatasvi vamabhiza vakashonga nguo dzehondo, uye navanhu vazhinji
vane nhoo huru neduku, vose vachivheyesa minondo yavo. 5 Pezhia
neEtiopia neRibhiya dzinenge dziripowo, vose vaine nhoo nenguwani
dzokurwa, 6 Gomeriwo namauto ayo ose, neBheti Togarima ichibva
kumusoro chaiko namauto ayo ose, ndudzi zhinji dzinewe.

7 “ ‘Gadzirira; iva wakagadzirira, iwe pamwe chete navanhu vazhinji
vakaungana pauri, iwe uve mukuru wavo. 8 Shure kwamazuva mazhinji
iwe uchadanidzira hondo. Pamakore anotevera, iwe uchakomba nyika
yakabva muhondo, ina vanhu vakaunganidzwa kubva kundudzi zhinji
kumakomo aIsraeri, akanga ava dongo kwenguva huru. Vakabudiswa
kubva kundudzi, zvino vose vachagara zvakanaka. 9 Iwe namauto ako
ose nendudzi zhinji dzinewe muchakwira, muchienda sedutu; muchaita
segore rinofukidza nyika.

10 “ ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Pazuva iro, mwoyo wako uchapindwa nep-
fungwa dzakaipa, uchafunga zano rakaipa. 11 Iwe uchati, “Ndichakomba
misha isina masvingo; ndicharwisa vanhu vasingafungiri vagere zvavo
zvakanaka, vose vanogara vasina masvingo uye vasina masuo namazariro.
12 Ndichapamba ndigotora nechisimba, ndichasimudza ruoko rwangu
kuti ndirwise matongo ogarwa navanhu uye vanhu vakaungana kubva
kundudzi vakapfuma pazvipfuwo nenhumbi, vagere pakati penyika.”
13 Shebha neDhedhani navashambadziri vokuTashishi nemisha yaro yose
vachati kwauri, “Wauya kuzopamba here? Waunganidza vanhu kuti
vatore zvipfuwo nenhumbi uye kuti utore zvakapambwa zvizhinji here?” ’

14 “Naizvozvo, mwanakomana womunhu, profita uti kuna Gogi, ‘Zvanzi
naIshe Jehovha: pazuva iro, vanhu vangu vaIsraeri vava kugara
zvakanaka, haungazvioni here? 15 Uchauya uchibva kunzvimbo yako
iri kumusoro chaiko, iwe nendudzi zhinji dzinewe, vose vakatasva
mabhiza, vanhu vazhinji, hondo ine simba. 16 Uchauya kuzorwa navanhu
vangu vaIsraeri segore rinofukidza nyika. Mumazuva anouya, iwe Gogi,
ndichakuuyisa kuzorwa nenyika yangu, kuitira kuti ndudzi dzigondiziva
pandinoratidza utsvene hwangu kubudikidza newe pamberi pavo.

17 “ ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Ko, hauziwe wandakataura nezvako
pamazuva ekare navaranda vangu ivo vaprofita vaIsraeri here? Pan-
guva iyoyo vakaprofita kwamakore kuti ini ndichakuuyisa kuzovarwisa.
18 Izvi ndizvo zvichaitika pazuva iroro: Nyika yaIsraeri painorwiswa
naGogi, hasha dzangu huru dzichamuka, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
19 Pakushingaira kwangu uye nomoto wehasha dzangu, ndinozivisa kuti
panguva iyoyo pachava nokudengenyeka kukuru munyika yaIsraeri.
20 Hove dzegungwa, shiri dzedenga, mhuka dzesango, nezvose zvinokam-
baira panyika, navanhu vose vari pamusoro penyika vachadedera pam-
beri pangu. Makomo achapidiguka, mawere achaondomoka uye rusvingo
rumwe norumwe ruchawira pasi. 21 Ndichadana munondo kuzorwisa
Gogi pamusoro pamakomo ose, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Munondo
womunhu mumwe nomumwe uchabaya hama yake. 22 Ndicharanga

nedenda nokudeuka kweropa; ndichanayisa mvura zhinji, nechimvu-
ramabwe nesafuri inopfuta pamusoro pake napamusoro pamauto ake
uye napamusoro pendudzi dzaanadzo. 23 Nokudaro ndicharatidza ukuru
hwangu noutsvene hwangu, uye ndichazvizivisa pamberi pendudzi zhinji.
Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha.'

# 39

1 "Mwanakomana womunhu, profita pamusoro paGogi, uti, 'Zvanzi
naIshe Jehovha: Ndine mhaka newe, iwe Gogi, muchinda mukuru
weMesheki neTubhari. 2 Ndichakutendeutsa ndigokukwekweredza.
Ndichakubvisa kumusoro ndigokutumira kundorwisa pamakomo eIsraeri.
3 Ipapo ndicharova museve wako nechokuruboshwe rwako ndigowisira
miseve yako pasi ichibva muruoko rwako rworudyi. 4 Uchawa pamakomo
aIsraeri, iwe namauto ako ose uye nendudzi dzaunadzo. Ndichakupa iwe
sechokudya chemhando dzose dzeshiri dzinodya nyama uye nokumhuka
dzesango. 5 Uchawira pamhene, nokuti ndazvitaura, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha. 6 Ndichatuma moto pamusoro paMagogi uye napamusoro
pavagere zvakanaka muzviwi, uye vachaziva kuti ndini Jehovha.

7 " 'Ndichazivisa zita rangu dzvene pakati pavanhu vangu vaIsraeri.
Handichazobvumiri kuti zita rangu dzvene risvibiswe, uye ndudzi dzic-
haziva kuti ini Jehovha ndini mutsvene woga waIsraeri. 8 Zviri kuuya!
Zvirokwazvo zvichaitika, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. Iri ndiro zuva
randakareva.

9 " 'Ipapo vaya vanogara mumaguta aIsraeri vachabuda kunze
vagoshandisa zvombo sehuni vagozvipisa, senhoo duku nehuru, uta
nemiseve, tsvimbo dzehondo namapfumo. Vachazvishandisa sehuni
kwamakore manomwe. 10 Havachazounganidzi huni kubva musango
kana kudzitema kumatondo, nokuti vachashandisa zvombo sehuni. Uye
vachapamba vaya vakambovapamba uye vachatorera nechisimba vaya
vakambovatorera nechisimba, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.

11 " 'Pazuva iro, ndichapa Gogi nzvimbo yamakuva muIsraeri, mumu-
pata wavaya vanoshanya vachienda kumabvazuva vakananga kugungwa.
Ichadzivirira nzira yavashanyi, nokuti Gogi navanhu vake vachavigwapo.
Saka ichatumidzwa kunzi Mupata waHamoni Gogi.

12 " 'Imba yaIsraeri ichapedza mwedzi minomwe ichivaviga kuitira
kuti nyika inatswe. 13 Vanhu vose vomunyika vachavaviga, uye zuva
rokukudzwa kwangu richava zuva ravacharangarira, ndizvo zvinotaura
Ishe Jehovha.

14 " 'Vachapa vanhu basa rokuchenesa nyika nguva dzose. Vamwe
vachapota nenyika yose uye, kubatanidza naivavo vamwe vachaviga
vaya vakasiyiwa vachingova pachena. Mushure memwedzi vachazotanga
kutsvaga. 15 Pavachange vachipota nenyika, kana mumwe akaona
bvupa romunhu, achaisapo chiratidzo parutivi rwaro kusvikira vacheri
vamarinda variviga muMupata waHamoni Gogi. 16 Uyezve, pachava
neguta rinonzi Hamona ipapo. Nokudaro vachanatsa nyika.'

17 "Mwanakomana womunhu, zvanzi naIshe Jehovha: Danidzira ku-
marudzi ose eshiri uye nemhuka dzose dzesango uti, 'Unganai uye muve
pamwe chete muchibva kwose kwose muuye kuchibayiro chandiri kuku-
gadzirirai, chibayiro chikuru pamusoro pamakomo eIsraeri. Muchadya
nyama uye muchanwa ropa ipapo. 18 Muchadya nyama yavarume vane
simba nokunwa ropa ramachinda enyika kunge ramakondobwe, neremak-
wayana, nerembudzi uye rehando, mhuka dzose dzakakodzwa dzinobva

kuBhashani. [19] Pachibayiro chandinokugadzirirai, muchadya mafuta
kusvikira makorwa nawo, uye muchanwa ropa kusvikira madhakwa.
[20] Patafura yangu muchadya mukaguta mabhiza navatasvi vavo, varume
vane simba navarwi vemhando dzose,' ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.

[21] "Ndicharatidza kubwinya kwangu pakati pendudzi, uye ndudzi dzose
dzichaona kuranga kwandinoita noruoko rwandinoisa pamusoro pavo.
[22] Kubva pazuva iro zvichienda mberi, imba yaIsraeri ichaziva kuti ndini
Jehovha Mwari wavo. [23] Uye ndudzi dzichaziva kuti vanhu vaIsraeri
vakaenda kuutapwa nokuda kwechivi chavo, nokuti vakanga vasina
kutendeka kwandiri. Saka ndakavavanzira chiso changu ndikavaisa mu-
maoko avavengi vavo, uye vose vakaurayiwa nomunondo. [24] Ndakavaitira
zvakafanira kusachena kwavo nokudarika kwavo, uye ndakavavanzira
chiso changu.

[25] "Naizvozvo, zvanzi naIshe Jehovha: Zvino ndichabvisa Jakobho
kubva mukutapwa uye ndichanzwira tsitsi vanhu vose veIsraeri, uye
ndichashingairira zita rangu dzvene. [26] Vachakanganwa kunyadziswa
kwavo nokusatendeka kwavo kwose kwavakaratidza kwandiri pavaka-
gara zvakanaka munyika yavo pasina aivavhundusa. [27] Pandichavadzosa
kubva kundudzi uye ndikavaunganidza vachibva kunyika dzavavengi
vavo, ndicharatidza utsvene hwangu kubudikidza navo pamberi pendudzi
zhinji. [28] Ipapo vachaziva kuti ndini Jehovha Mwari wavo, nokuti kun-
yange ndakavadzingira kuutapwa pakati pendudzi, ndichavaunganidza
munyika yavo, pasina wandinosiya. [29] Handingazovavanzirizve chiso
changu, nokuti ndichadurura Mweya wangu pamusoro peimba yaIsraeri,
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha."

# 40

### *Nzvimbo Itsva yeTemberi*

[1] Mugore ramakumi maviri namashanu rokutapwa kwedu, pakutanga
kwegore, pazuva regumi romwedzi, mugore regumi namana, mushure
kwokukundwa kweguta, pazuva racho iroro ruoko rwaJehovha rwakanga
rwuri pamusoro pangu uye akandiendesako. [2] Pane zvandakaratidzwa
naMwari akanditora akandiendesa kunyika yeIsraeri akandimisa pagomo
refu refu, zasi kwaro kwakanga kune dzimba dzakanga dzichiratidzika
seguta. [3] Akandiendesa ikoko, ndikaona munhu akanga achiratidzika
sendarira; akanga akamira pasuo ane tambo yomucheka netsvimbo
yokueresa muruoko rwake. [4] Murume uyu akati kwandiri, "Mwanako-
mana womunhu, tarira nameso ako unzwe nenzeve dzako uye uongorore
zvose zvandichakuratidza, nokuti wakasvitswa pano kuti ndikuratidze
izvozvi. Utaurire imba yaIsraeri zvose zvaunoona."

### *Suo roKumabvazuva roRuvazhe rwoKunze*

[5] Ndakaona rusvingo rwakanga rwakapoteredza nzvimbo yose yetem-
beri. Urefu hwetsvimbo yokuera yakanga iri muruoko rwomurume uyu
hwaisvika makubhiti matanhatu*, rimwe nerimwe richiita kubhiti rimwe
chete noupamhi hwechanza†. Akayera rusvingo; ukobvu hworusvingo
hwakanga huchiita tsvimbo yokuyera imwe chete, uye urefu huchiita
tsvimbo imwe chete.
[6] Ipapo akaenda kusuo rakatarisa kumabvazuva. Akakwira
nezvikwiriso zvaro ndokuyera chikumbaridzo chesuo; chakanga

* **40:5** 40:5 0.5 yemita † **40:5** 40:5 masendimita angaita 8

chichiita tsvimbo imwe chete pakudzika. [7] Makamuri avarindi akanga
akaenzana netsvimbo imwe chete yokuyera paurefu uye tsvimbo
imwe chete paupamhi, uye masvingo apakati pamakamuri akanga
ari makubhiti mashanu paukobvu. Uye chikumbaridzo chesuo rakanga
riri parutivi rwebiravira rakatarisana netemberi chaiita tsvimbo imwe
chete pakudzika.

[8] Ipapo akayera biravira resuo; [9] rakanga rakadzika kwamakubhiti
masere uye mbiru dzacho makubhiti maviri paukobvu. Biravira resuo
rakanga rakanangana netemberi.

[10] Mukati mesuo rokumabvazuva makanga muna makamuri matatu
parutivi rumwe norumwe; ose ari matatu akanga ane chiyero chakaen-
zana. [11] Ipapo akayera upamhi hwomukova wokusuo; wakanga una
makubhiti gumi uye urefu hwacho hwaisvika makubhiti gumi na-
matatu. [12] Pamberi pekamuri rimwe nerimwe pakanga pane madziro
akareba kubhiti rimwe chete, uye makamuri akanga ana makubhiti
matanhatu akaenzana. [13] Ipapo akayera musuo kubva nechokumu-
soro kwamadziro kumashure kwerimwe ramakamuri nechokumusoro
kwakatarisana nerimwe; nhambwe dzakanga dzichisvika makubhiti
makumi maviri namashanu kubva pakazaruka pamadziro kusvikira kuno
rumwe rutivi rwakatarisana nawo. [14] Akayera pakatarisana namasvingo
aionekwa achipoteredza nechomukati mesuo, makubhiti makumi matan-
hatu. Akayera kusvika pabiravira rakatarisana noruvazhe. [15] Nhambwe
dzaibva pamukova wesuo kusvikira kwokupedzisira kwebiravira dza-
kanga dziri makubhiti makumi mashanu. [16] Makamuri namasvingo
aionekwa omukati mesuo akanga akavharirwa nechidziro namawindo
maduku akapoteredza, sezvakanga zvakaita pabiravira; napamawindo
akapoteredza akatarisa nechomukati; mberi kwamasvingo kwakanga
kwakashongedzwa nemiti yemichindwe.

### *Ruvazhe rwoKunze*

[17] Ipapo akandipinza muruvazhe rwokunze. Ndakaona dzimba ikoko
uye nzira dzakanga dzakavakirwa dzakakomberedza ruvazhe; makanga
muna makamuri makumi matatu aiva mujinga menzira yakavakirwa.
[18] Yakanga yakaganhurana norutivi rwamasuo uye yakaenzana paupamhi
sokureba kwadzakanga dzakaita; ndiyo yakanga iri nzira yakavakirwa
yenyasi. [19] Ipapo akayera nhambwe kubva nechomukati kwerutivi rwesuo
rezasi kusvikira kunze kworuvazhe rwomukati; rwakanga runa makubhiti
zana nechokumabvazuva, uye nechokumusorowo.

### *Suo roKumusoro*

[20] Ipapo akayera urefu noupamhi hwesuo rakatarisana nechokumusoro
raienda kuruvazhe rwokunze. [21] Makamuri aro, matatu kurutivi rumwe
norumwe, masvingo aro aionekera nebiravira raro zvakanga zvakaen-
zana nezviya zvesuo rokutanga. Rakanga rakareba makubhiti makumi
mashanu uye rina makubhiti makumi maviri namashanu paupamhi.
[22] Mawindo aro, mabiravira aro uye miti yokushongedza yemichindwe,
zvakanga zvakangoenzana nezviya zvesuo rakanga rakatarisa kumab-
vazuva. Zvikwiriso zvinomwe ndizvo zvaisvitsa ikoko, zvakatarisana
nebiravira racho. [23] Pakanga pane suo rinopinda muruvazhe rwomukati
rakanga rakanangana nesuo rokumusoro, sezvazvakanga zvakaitawo
nechokumabvazuva. Akayera kubva pane rimwe suo kusvikira pane
rakanangana naro; aiva makubhiti zana.

### *Suo reZasi*

24 Ipapo akanditungamirira kurutivi rwezasi ndikaona suo rakatarisa
zasi. Akayera mbiru dzaro namabiravira aro, uye akanga akangoenzana
namamwe pakuyera. 25 Suo nebiravira raro zvaiva namawindo maduku
aipoteredza, samawindo amamwe. Rakanga rakareba makubhiti makumi
mashanu uye rine upamhi huna makubhiti makumi maviri namashanu.
26 Zvikwiriso zvinomwe ndizvo zvaisvitsa ikoko, zvakatarisana nebi-
ravira racho; rakanga rine miti yokushongedza yemichindwe pamadziro
aionekera kurutivi rumwe norumwe. 27 Ruvazhe rwomukati nairwowo
rwakanga rune suo rakatarisa zasi, uye akayera kubva pasuo iri kusvika
kusuo rokunze kurutivi rwezasi; aiva makubhiti zana.

### *Masuo okuRuvazhe rwoMukati*

28 Ipapo akaenda neni kuruvazhe rwomukati achipinda napasuo rezasi,
uye akayera suo rezasi; rakanga rakaenzana namamwe pakuyera.
29 Makamuri aro, namadziro anoonekera uye namabiravira aro, akanga
akaenzana namamwe pakuyera. Suo nebiravira raro zvakanga zvina
mawindo akazvipoteredza. Akanga akareba makubhiti makumi mashanu
noupamhi huna makubhiti makumi maviri namashanu. 30 Mabiravira
emasuo akanga akapoteredza ruvazhe rwomukati akanga ane upamhi
huna makubhiti makumi maviri namashanu uye makubhiti mashanu
pakudzika. 31 Biravira raro rakanga rakatarisana noruvazhe rwokunze;
miti yemichindwe yakanga yakashongedza mbiru dzaro, uye zvikwiriso
zvisere ndizvo zvaisvitsa ikoko.
32 Ipapo akandipinza muruvazhe rwomukati nechokumabvazuva,
iye ndokuyera suo; rakanga rakangoenzana namamwe pakuyera.
33 Makamuri aro namadziro aro aionekera nebiravira racho zvakanga
zvakaenzana nezvimwe pakuyera. Suo nebiravira raro zvakanga zvina
mawindo kumativi ose. Zvakanga zvakareba makubhiti makumi mashanu
uye makubhiti makumi maviri namashanu paupamhi. 34 Biravira raro
rakanga rakatarisana noruvazhe rwokunze; miti yemichindwe yakanga
yakashongedza mbiru kumativi ose, uye zvikwiriso zvisere ndizvo
zvaisvitsa ikoko.
35 Ipapo akaenda neni kusuo rokumusoro ndokuriyera. Rakanga
rakangoenzana namamwe pakuyera, 36 sezvakanga zvakaitawo makamuri
aro, namadziro aro aionekera uye biravira racho, uye rakanga rina
mawindo kumativi ose. Rakanga rakareba makubhiti makumi mashanu
uye makubhiti makumi maviri namashanu paupamhi. 37 Biravira raro
rakanga rakatarisana noruvazhe rwokunze; miti yemichindwe yakanga
yakashongedza mbiru kumativi ose, uye zvikwiriso zvisere ndizvo
zvaisvitsa ikoko.

### *Makamuri oKugadzirira Zvibayiro*

38 Kamuri rino mukova rakanga riri pabiravira pasuo rimwe nerimwe
rechomukati, kwaisukirwa zvibayiro zvinopiswa. 39 Mubiravira rapasuo
makanga muna matafura maviri pamativi ose, paiurayirwa zvibayiro
zvinopiswa, zvezvivi nezvemhosva. 40 Kurutivi rwokunze rworusvingo
rwebiravira repasuo, pedyo nezvikwiriso zvapamukova nechokumusoro
kwesuo rokumusoro kwakanga kune matafura maviri, uye kuno rumwe
rutivi rwezvikwiriso kwaivawo namatafura maviri. 41 Saka kwakanga
kuna matafura mana parutivi rwesuo uye mamwezve mana kuno rumwe
rutivi, matafura masere munzvimbo dzose, pakanga pachiurayirwa
zvibayiro. 42 Kwakanga kuna mamwezve matafura mana amabwe
akashongedzwa ezvibayiro zvinopiswa, rimwe nerimwe rine kubhiti

rimwe nehafu paurefu, kubhiti nehafu paupamhi uye kubhiti rimwe chete
pakukwirira. Pamusoro pawo pakanga pakaiswa midziyo yavaibayira
nayo zvibayiro zvinopiswa nezvimwewo zvibayiro. 43 Uye zvikokovono
zvaiva nemhanda mbiri, chimwe nechimwe chakanga chine upamhi
hwechanza chomunhu pakureba, zvakanga zvakasungirirwa pamadziro
ose. Matafura akanga ari enyama yezvipiriso.

### *Makamuri aVaprista*

44 Kunze kwesuo romukati, nechomukati moruvazhe rwomukati,
makanga muna makamuri maviri, rimwe kurutivi rwesuo rokumusoro
uye rakatarisa kumusoro. 45 Iye akati kwandiri, "Kamuri rakatarisa zasi,
nderavaprista vanochengeta temberi, 46 Uye kamuri rakatarisa kumusoro
nderavaprista vanochengeta aritari. Ava ndivo vana vaZadhoki, vanova
ndivo vaRevhi chete vangaswedera pedyo naJehovha kuti vashumire
pamberi pake."
47 Ipapo akayera ruvazhe: Rwakanga rwakaenzana mativi ose, makub-
hiti zana pakureba, uye makubhiti zana paupamhi. Uye aritari yakanga
iri pamberi petemberi.

### *Temberi*

48 Akandiendesa kubiravira retemberi ndokuyera mbiru dzebiravira,
dzakanga dzina makubhiti mashanu kumativi ose. Upamhi hwesuo
hwaiva makubhiti gumi namana uye madziro acho aionekera akanga
ana makubhiti matatu paupamhi kumativi ose. 49 Biravira rakanga
rina makubhiti makumi maviri paupamhi, uye makubhiti gumi namaviri
kubva mberi kusvika shure. Ikoko kwaisvikwa nezvikwiriso, uye
kwakanga kune mbiru parutivi rumwe norumwe rwedzimwe mbiru.

## 41

1 Ipapo murume uya akandiuyisa kunzvimbo tsvene yokunze akayera
mbiru, upamhi hwembiru hwaisvika makubhiti matanhatu* rumwe
norumwe. 2 Mukova wacho wakanga una makubhiti gumi paupamhi,
uye madziro aionekera kurutivi rumwe norumwe rwawo akanga ana
makubhiti mashanu paupamhi. Akayerawo nzvimbo tsvene yokunze;
yakanga yakareba makubhiti makumi mana uye makubhiti makumi
maviri paupamhi.
3 Ipapo akapinda munzvimbo tsvene yomukati ndokuyera mbiru
dzomukova; imwe neimwe yakanga ina makubhiti maviri paupamhi.
Mukova wacho wakanga una makubhiti matanhatu paupamhi uye
madziro aionekera kurutivi rumwe norumwe rwawo aiva makubhiti
manomwe paupamhi. 4 Akayera urefu hwenzvimbo tsvene yomukati;
yakanga ina makubhiti makumi maviri, uye upamhi hwayo hwaiva
makubhiti makumi maviri zvichiyambukira kumagumo okunze kwen-
zvimbo tsvene. Akati kwandiri, "Iyi ndiyo Nzvimbo Tsvene-tsvene."
5 Ipapo akayera madziro etemberi; akanga ari makubhiti matanhatu
paukobvu, uye rutivi rumwe norumwe rwekamuri rwaipoteredza tem-
beri rwakanga runo upamhi hwaisvika makubhiti mana. 6 Makamuri
omumativi akanga ane miturikidzwa mitatu, mumwe pamusoro po-
mumwe, makamuri makumi matatu pamuturikidzwa mumwe nomumwe.
Makanga muna masherufu matetetete aipoteredza madziro etemberi
aibatsira kutsigira makamuri omumativi, saka zvitsigiro zvakanga zvisina
kuvakirwa mumadziro etemberi. 7 Makamuri omumativi akanga

* **41:1** 41:1 kubhiti raiva 0.5 yemita

akapoteredza temberi akanga akapamhama zvokuti riri pasi raipfu-
urwa neriri pamusoro zvichingodaro. Chidziro chaipoteredza temberi
chakavakwa chichikwira nokukwirira, zvokuti kamuri dzaipamhamha
munhu paakwirira kumusoro. Zvikwiriso zvaibva pasi zvichisvika
kumuturikidzwa wapamusoro.

8 Ndakaona kuti temberi yakanga ina pakakwirira kumativi ayo ose,
panova ndipo paiva nheyo yamakamuri omumativi. Yaiva nourefu
hwakaenzana netsvimbo yokuyera yakareba makubhiti matanhatu.
9 Madziro okunze emakamuri okumativi aiva noukobvu hwaisvika makub-
hiti mashanu. Nzvimbo yakashama yakanga iri pakati pamakamuri oku-
mativi etemberi. 10 Uye makamuri avaprista aisvika makubhiti makumi
maviri paupamhi achipoteredza temberi kumativi ose. 11 Kwakanga
kune mikova yaipinda kumakamuri okumativi uchibva nokunzvimbo
yakashama, mumwe nechokumusoro, mumwe nechenyasi; uye hwaro
hwaibatanidza nzvimbo yakasara hwaisvika makubhiti mashanu pau-
pamhi kumativi ose.

12 Imba yakatarisana noruvazhe rwetemberi nechokumavirira yaisvika
makubhiti makumi manomwe paupamhi. Madziro eimba akanga ana
makubhiti mashanu paukobvu kumativi ose, uye urefu hwawo hwaisvika
makubhiti makumi mapfumbamwe.

13 Ipapo akayera temberi; yakanga ina makubhiti zana pakureba,
uye ruvazhe rwetemberi neimba namadziro ayo yaivawo namakubhiti
zana pakureba. 14 Upamhi hworuvazhe rwetemberi nechokumabvazuva,
zvichibatana nemberi kwetemberi, hwaisvika makubhiti zana.

15 Ipapo akayera urefu hweimba yakatarisana noruvazhe necheshure
kwetemberi, pamwe chete nedzimba dzokuratidzira dzacho kurutivi
rumwe norumwe; zvakaita makubhiti zana.

Nzvimbo tsvene yokunze, nenzvimbo tsvene yomukati uye biravira
rakatarisana noruvazhe, 16 pamwe chetewo napazvikumbaridzo uye
napamawindo maduku napadzimba dzokuratidzira zvose zviri zvitatu,
zvinhu zvose zvaiva seri nechikumbaridzowo, zvakanga zvakafukidzwa
namapuranga. Uriri, madziro kusvika pamawindo, namawindo zvakanga
zvakafukidzwa. 17 Panzvimbo yakanga iri pamusoro nechokunze
kwomukova wokupinda munzvimbo tsvene napamadziro, nechiyero
chakafanana pakati pazvo zvakapoteredza nzvimbo tsvene yomukati
neyokunze, 18 paiva namakerubhi akavezwa nemiti yemichindwe. Pakati
pamakerubhi paiva nemiti yemichindwe. Kerubhi rimwe nerimwe
rakanga rine zviso zviviri: 19 chiso chomunhu chakatarisana no-
muti womuchindwe kuno rumwe rutivi uye kuno rumwe rutivi chiso
cheshumba chakananganawo nomuti womuchindwe uri kuno rumwe
rutivi. Zvakanga zvakavezwa pamativi ose etemberi. 20 Kubva pau-
riri kusvikira kunzvimbo yaiva pamusoro pomukova, makerubhi ne-
miti yemichindwe zvakanga zvakavezwa pamadziro enzvimbo tsvene
yokunze.

21 Nzvimbo tsvene yokunze yakanga ine magwatidziro omukova ana
mativi mana akaenzana, uye duku racho ndiro rakanga riri mberi kweN-
zvimbo Tsvene-tsvene. 22 Pakanga pane aritari yakavezwa namatanda
yaisvika makubhiti matatu pakukwirira kwayo uye yakaenzana urefu
noupamhi makubhiti maviri; makona ayo, pasi payo namativi ayo,
akanga ari matanda. Murume uya akati kwandiri, "Iyi ndiyo tafura iri
pamberi paJehovha." 23 Nzvimbo tsvene yokunze neNzvimbo Tsvene-
tsvene dzakanga dzina makonhi maviri maviri dzose. 24 Mukova mumwe

nomumwe wakanga una masasa maviri, masasa aitenderera maviri pa-
mukova mumwe nomumwe. 25 Uye pamakonhi enzvimbo tsvene yokunze
pakanga pane makerubhi akavezwa nemiti yemichindwe yakaita seiya
yakavezerwa pamadziro, uye pakanga pane chikumbaridzo chakavezwa
pamberi pebiravira. 26 Parutivi rwamadziro ebiravira pakanga pane
mawindo maduku ane miti yemichindwe yakavezwa pamativi ose. Maka-
muri okumativi etemberi naiwowo aiva nezvikumbaridzo.

# 42

*Makamuri aVaprista*

1 Ipapo murume uya akanditungamirira nechokumusoro nechomukati
moruvazhe rwokunze ndokundiendesa kumakamuri akanga akatarisana
noruvazhe rwetemberi uye pakatarisana namadziro okunze kurutivi
rwokumusoro. 2 Imba yakanga ino mukova wakatarisa kumusoro
yakanga yakareba makubhiti zana[*] uye makubhiti makumi mashanu
paupamhi. 3 Pakatarisana namakubhiti makumi maviri oruvazhe
rwomukati, uye pakatarisana nenzira yakanga yakavakirwa yoruvazhe
rwokunze kwakanga kuna mabiravira akatarisana, akaturikidzwa ari
matatu. 4 Pamberi pamakamuri pakanga pane nzvimbo yokufamba
yakanga ine upamhi makubhiti gumi uye makubhiti zana pakureba.
Makonhi ayo akanga ari nechokumusoro. 5 Zvino makamuri apamusoro
akanga ari maduku, nokuti nzvimbo dzokuratidzira dzakanga dzatorera
nzvimbo yakawanda kubva paari kupfuura makamuri apasi namakamuri
apakati peimba. 6 Makamuri omuturikidzwa wechitatu akanga asina
mbiru, sezvakanga zvakaita ruvazhe; saka akanga ari maduku panzvimbo
youriri pane aya akanga ari pasi uye nechapakati. 7 Pakanga pane
madziro aitevedzana namakamuri uye noruvazhe rwokunze. 8 Mutsara
wamakamuri kurutivi runotevedzana noruvazhe rwokunze wakanga uri
makubhiti makumi mashanu pakureba, mutsara waparutivi rwaiva pedyo
pedyo nenzvimbo tsvene wakanga una makubhiti zana pakureba kwawo.
9 Makamuri apasi akanga ano mukova kurutivi rwokumabvazuva kana
munhu achipinda kwaari achibva nechokuruvazhe rwokunze.

10 Parutivi rwezasi zvichitevedzana nokureba kworusvingo rworuvazhe
rwokunze, pedyo noruvazhe rwetemberi uye kwakatarisana norusvingo
rwokunze, pakanga pane makamuri 11 nenzvimbo yokufamba nayo
nechemberi kwawo. Aya akanga akafanana namakamuri okumusoro;
akanga akaenzana pakureba noupamhi, akanga akafanana pokubuda
napo uye nokuyerwa kwawo. Sezvakanga zvakaita makonhi okumusoro
12 ndizvo zvakanga zvakaita mikova yamakamuri ezasi. Pakanga pane
mukova paitangira nzvimbo yokufamba nayo pakanga pakangoenzana
namadziro akanangana nawo zvichipfuurira zvakananga kumabvazuva,
kana munhu achipinda mumakamuri.

13 Ipapo akati kwandiri, "Makamuri okumusoro neezasi iwo akatarisana
noruvazhe rwetemberi ndeevaprista, ndipo panodyirwa zvipiriso
zvitsvene-tsvene navaprista vanoswedera pana Jehovha. Vachaisa ipapo
zvipiriso zvitsvene-tsvene, zvipiriso zvezviyo, zvechivi, uye zvemhosva,
nokuti nzvimbo yacho itsvene. 14 Kana vaprista vakangopinda panzvimbo
tsvene, havachafaniri kubudira kuruvazhe rwokunze kusvikira vasiya
nguo dzavanga vachishandisa pakushumira, nokuti idzo itsvene.

---

[*] **42:2** 42:2 kubhiti raiva 0.5 yemita

Vanofanira kupfeka dzimwe nguo vasati vasvika pedyo nenzvimbo dzavanhu."
15 Akati apedza kuyera zvakanga zviri mukati metemberi, akandibud-
isa kunze nechokusuo rokumabvazuva ndokubva ayera nzvimbo ya-
cho yose. 16 Akayera rutivi rwokumabvazuva netsvimbo yokuyeresa;
yakanga ina makubhiti mazana mashanu. 17 Akayerawo rutivi rwoku-
musoro; rwakanga runa makubhiti anosvika mazana mashanu nechiyero
chetsvimbo. 18 Akayerawo rutivi rwezasi; rwakanga runa makubhiti
mazana mashanu nechiyero chetsvimbo. 19 Ipapo akatendeukira kurutivi
rwokumavirira ndokuyera; rwakanga runa makubhiti anosvika mazana
mashanu nechiyero chetsvimbo. 20 Saka akayera nzvimbo kumativi mana
ose. Yakanga ino rusvingo rwakaipoteredza, mazana mashanu amakubhiti pakureba uye mazana mashanu paupamhi, kuti zviparadzanise zvitsvene nezvisati zviri zvitsvene.

# 43

*Kubwinya kunodzokera muTemberi*

1 Ipapo murume uya akandiuyisa kusuo rakatarisa kumabvazuva, 2 uye
ndakaona kubwinya kwaMwari waIsraeri kuchibva kumabvazuva. Inzwi rake rakanga rakaita somubvumo wemvura zhinji, uye pasi pakapenya
nokubwinya kwake. 3 Chiratidzo chandakaona chakanga chakaita sechiratidzo chandakanga ndamboona paakauya kuzoparadza guta uye nechiratidzo chandakaona paRwizi rweKebhari, ndikawira pasi nechiso changu.
4 Kubwinya kwaJehovha kwakapinda mutemberi napasuo rakanangana
nokumabvazuva. 5 Ipapo mweya wakandisimudza ukandiisa muruvazhe
rwomukati, uye kubwinya kwaJehovha kwakazadza temberi.

6 Murume uya achakamira pandiri, ndakanzwa mumwe achiti kwandiri
ari mukati metemberi. Akati kwandiri, 7 "Mwanakomana womunhu, iyi
ndiyo nzvimbo yechigaro changu choushe nenzvimbo yechitsiko chetsoka dzangu. Ndipo pandichagara ndiri pakati pavaIsraeri nokusingaperi. Imba yaIsraeri haichazosvibisizve zita rangu dzvene kunyange ivo kana madzimambo avo, noufeve hwavo uye zvifananidzo zvamadzimambo avo,
zvisina upenyu panzvimbo dzavo dzakakwirira. 8 Pavakaisa chikum-
baridzo mujinga mechikumbaridzo changu namagwatidziro pajinga pegwatidziro rangu pachingova norusvingo pakati pangu naivo, vakasvibisa zita rangu dzvene nezvinonyangadza zvavakaita. Saka ndakavaparadza
mukutsamwa kwangu. 9 Zvino ngavarashire ufeve hwavo kure nezvifananidzo zvavo zvisina upenyu zvamadzimambo avo, ipapo ndichagara pakati pavo nokusingaperi.

10 "Mwanakomana womunhu, rondedzera nezvetemberi kuvanhu veIsraeri, kuti vanyare pamusoro pezvivi zvavo. Ngavarangarire urongwa
hwayo, 11 uye kana vachinyara pamusoro pezvavakaita zvose, uvazivise magadzirirwo etemberi, nourongwa hwayo, panobudiwa napo napanopindwa napo, mamiriro ayo ose nemitemo yayo yose uye mirayiro yayo. Unyore izvi pamberi pavo kuti vagova vakatendeka kumagadzirirwo ayo vagotevera mitemo yayo yose.

12 "Uyu ndiwo murayiro wetemberi: Nzvimbo dzose dzakapoteredza dziri pamusoro pegomo dzichava tsvene-tsvene. Ndiwo murayiro wetemberi iwoyu.

*Aritari*

13 “Izvi ndizvo zviyero zvearitari mumakubhiti marefu, kubhiti riri
kubhiti* noupamhi hwechanza†: Chigadziko chayo chakadzika kubhiti
rimwe chete nekubhiti rimwe chete paupamhi, nomuromo uno upamhi
hwechanza‡ pamusoro. Uku ndiko kukwirira kwearitari: 14 Kubva pachi-
gadziko chapasi kusvikira pamupanda wenyasi yakakwirira namakubhiti
maviri uye kubhiti rimwe chete paupamhi, uye kubva pamupanda
muduku kusvikira pamupanda mukuru yakakwirira namakubhiti mana
uye kubhiti rimwe chete paupamhi. 15 Choto chearitari chakakwirira
namakubhiti mana, uye nyanga ina dzakatarisa kumusoro kubva pachoto.
16 Choto chearitari chine mativi akaenzana, makubhiti gumi namaviri
paurefu uye makubhiti gumi namaviri paupamhi. 17 Mupanda wokumu-
soro naiwowo una mativi akaenzana, wakareba makubhiti gumi namana
uye makubhiti gumi namana paupamhi, nomuromo une hafu yekubhiti
nechigadziko chekubhiti rimwe chete pakutenderera kwaro. Zvitsiko
zvearitari zvakatarisa kumabvazuva.”
18 Ipapo iye akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, zvanzi naIshe
Jehovha: Iyi ndiyo ichava mitemo yokubayira zvibayiro zvinopiswa
nokusasa ropa pamusoro pearitari painenge yavakwa: 19 Unofanira
kupa hando duku sechipiriso chechivi kuvaprista, vanova ndivo vaRevhi,
vemhuri yaZadhoki, vanoswedera kuti vashumire pamberi pangu, ndizvo
zvinotaura Ishe Jehovha. 20 Unofanira kutora rimwe reropa ugoriisa
panyanga ina dzearitari uye napamakona mana pamupanda wapamusoro
napamuromo wose, nokudaro unatse aritari ugoiyananisira. 21 Unofanira
kutora hando yechipiriso chechivi ugopisa panzvimbo yakatsaurwa
yetemberi iri kunze kwenzvimbo tsvene.
22 “Pazuva rechipiri unofanira kubayira nhongo isina chainopomerwa
chive chibayiro chechivi, uye aritari inofanira kunatswa sokunatswa
kwayakaitwa nehando. 23 Kana mapedza kuinatsa, unofanira kubayira
hando duku uye negondobwe rinobva pamakwai, zvose zvisina
chazvinopomerwa. 24 Unofanira kuzvibayira pamberi paJehovha, uye
vaprista vanofanira kusasa munyu pamusoro pazvo vagozvibayira
sezvibayiro zvinopisirwa Jehovha.
25 “Kwamazuva manomwe munofanira kuuya nenhongo zuva rimwe
nerimwe chive chibayiro chechivi; uye unofanirawo kuuya nehando
negondobwe rinotorwa kumakwai, parege kuva nezvazvinopomerwa
zvose. 26 Vanofanira kuyananisira aritari nokuinatsa kwamazuva
manomwe vagoinatsa; naizvozvo vagoikumikidza. 27 Shure kwamazuva
iwayo, kubva pazuva rorusere, vaprista vanofanira kuuya nezvibayiro
zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana paaritari. Ipapo ndichakugamuchi-
rai, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.”

# 44

*Muchinda, vaRevhi, naVaprista*

1 Ipapo murume uyu akandidzosera kusuo rokunze renzvimbo tsvene
rakanga rakatarisa kumabvazuva, uye rakanga rakapfigwa. 2 Jehovha
akati kwandiri, “Suo iri rinofanira kugara rakapfigwa. Harifaniri
kuzarurwa; hakuna munhu angapinda naro. Rinofanira kugara rakap-
figwa nokuti Jehovha, Mwari waIsraeri, akapinda napariri: 3 Muchinda

---

* **43:13** 43:13 kubhiti raiva 0.5 yemita † **43:13** 43:13 masendimita angaita 8 ‡ **43:13** 43:13 masendimita angaita 23

pachake ndiye chete angagara mukati mesuo kuti adye ari pamberi paJehovha. Anofanira kupinda nenzira yapabiravira resuo agobuda nenzira imwe cheteyo.”

4 Ipapo murume uyu akandiuyisa nenzira yesuo rokumusoro nechemberi kwetemberi. Ndakatarisa ndikaona kubwinya kwaJehovha kuchizadza temberi yaJehovha, ndikawira pasi nechiso changu.

5 Jehovha akati kwandiri, “Mwanakomana womunhu, cherechedza zvakanaka, nyatsoteerera uye unzwisise zvinhu zvose zvandinokuudza maererano nemitemo yose yetemberi yaJehovha. Ucherechedze panopindwa napo mutemberi uye napanobudiwa napo panzvimbo tsvene.
6 Uti kuimba inondimukira yaIsraeri, ‘Zvanzi naIshe Jehovha: Nhai imba yaIsraeri, chigutsikanai nezvinonyangadza zvamunoita! 7 Pamusoro
pezvinonyangadza zvamakaita, makapinza vatorwa vasina kudzingiswa pamwoyo napanyama munzvimbo yangu tsvene, muchizvidza temberi yangu muchindipa zvokudya, mafuta neropa, uye makaputsa sungano
yangu. 8 Pachinzvimbo chokuita mabasa enyu akafanira zvinhu zvangu zvitsvene, makagadza vamwe vanhu kuti vave vatariri venzvimbo yangu
tsvene. 9 Zvanzi naIshe Jehovha: Hakuna mutorwa asina kudzingiswa pamwoyo napanyama angapinde munzvimbo yangu tsvene, kunyange vatorwa zvavo vagere pakati pavaIsraeri.

10 “ ‘VaRevhi vakaenda kure neni panguva yakatsauka Israeri uye vakadzungaira vachibva kwandiri vachitevera zvifananidzo zvavo
vanofanira kuzvitakurira zvibereko zvechivi chavo. 11 Vangashumira havo munzvimbo yangu tsvene, vari vatariri vamasuo etemberi uye vachishanda mairi; vangabayira havo zvibayiro zvinopiswa vagobayira
zvibayiro zvavanhu, vagomira pamberi pavanhu vagovashumira. 12 Asi
nemhaka yokuti vakavashumira pamberi pezvifananidzo zvavo vakaita kuti imba yaIsraeri iwire muchivi, naizvozvo ndakapika ruoko rwangu rwakasimudzwa kuti vanofanira kutakura vamene zvibereko zvechivi
chavo, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. 13 Havafaniri kuswedera kuti vandishumire savaprista kana kuswedera pane chinhu chipi nechipi chezvinhu zvangu zvitsvene kana pazvipiriso zvangu zvitsvene-tsvene; vanofanira kuzvitakurira kunyadziswa kwezvinyangadzo zvavakaita.
14 Asi hazvo ndichavaita vatariri vamabasa omutemberi nebasa rose rinofanira kuitwamo.

15 “ ‘Asi vaprista, ivo vaRevhi nezvizvarwa zvaZadhoki, vakaita mabasa avo omunzvimbo yangu tsvene nokutendeka panguva yakatsauka vaIsraeri kubva kwandiri, ndivo vanofanira kuswedera kwandiri kuti vashumire pamberi pangu; vanofanira kumira pamberi pangu kuti vabayire
zvibayiro zvamafuta neropa, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. 16 Ivo
chete ndivo vanofanira kupinda munzvimbo yangu tsvene; ndivo chete vanofanira kuswedera patafura yangu kuti vashumire pamberi pangu vagoita basa rangu.

17 “ ‘Pavanopinda pamasuo omuruvazhe rwomukati, vanofanira kupfeka nguo dzomucheka, havafaniri kupfeka nguo dzamakushe pavanenge vachishumira pamasuo oruvazhe rwomukati kana mukati
metemberi. 18 Vanofanira kupfeka nguwani dzomucheka pamisoro yavo uye nguo dzomukati dzomucheka muzviuno zvavo. Havafaniri
kufuka chinhu chinovaitisa ziya. 19 Pavanobuda vachipinda muruvazhe
rwokunze kunova ndiko kuna vanhu, vanofanira kubvisa nguo dzavanga

vachishumira nadzo vagodzisiya mumakamuri matsvene, vagopfeka
dzimwe nguo, kuti varege kunatsa vanhu nenguo dzavo.
20 " 'Havafaniri kuveura misoro yavo kana kurega bvudzi ravo richireba,
asi vanofanira kugara vakachekerera bvudzi remisoro yavo. 21 Muprista
haafaniri kunwa waini panguva yaanopinda muruvazhe rwomukati.
22 Havafaniri kuwana chirikadzi kana mukadzi akarambwa, vanofanira
kuwana mhandara dzorudzi rwaIsraeri kana chirikadzi dzavaprista.
23 Vanofanira kudzidzisa vanhu vangu mutsauko wezvitsvene nezvinhu
zvisati zviri zvitsvene nokuvaratidza kusiyana kuri pakati pechisakachena
nechakachena.
24 " 'Vaprista vanofanira kushanda savatongi, pagakava ripi zvaro, uye
vanofanira kutonga zviri pamitemo yangu. Vanofanira kuchengeta mi-
rayiro yangu nemitemo yangu pamitambo yose yakatarwa uye vanofanira
kuchengetedza maSabata angu ave matsvene.
25 " 'Muprista haafaniri kuzvisvibisa nokuswedera pachitunha
chomunhu akafa; kunyange zvakadaro hazvo, kana munhu akafa ari
baba vake kana mai vake, mwanakomana wake kana mwanasikana,
mukoma nomunun'una kana hanzvadzi yanga isina kuwanikwa, ipapo
angazvisvibisa hake. 26 Shure kwokunatswa kwake, anofanira kumirira
kwamazuva manomwe. 27 Pazuva raanopinda muruvazhe rwomukati
rwenzvimbo tsvene kuti anoshumira munzvimbo tsvene, anofanira kupa
chipiriso chake chechivi, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
28 " 'Ndini chete ndichava nhaka yavaprista. Haufaniri kuvapa mu-
gove pakati paIsraeri; ini ndichavapa mugove wavo. 29 Vachadya
zvipiriso zvezviyo, zvipiriso zvechivi nezvipiriso zvemhosva; uye zv-
inhu zvose zvakatsaurirwa Jehovha pakati paIsraeri zvichava zvavo.
30 Zvakanakisisa, zvezvibereko zvenyu zvokutanga nezvipo zvenyu zvose
zvakatsaurwa zvichava zvavaprista. Munofanira kuvapa mugove woku-
tanga woupfu hwakakuyiwa kuitira kuti makomborero agogara paimba
yenyu. 31 Vaprista havafaniri kungodya zvinhu zvose, ingava shiri kana
chipfuwo, chawanikwa chakafa kana chaurayiwa nezvikara zvesango.

# 45

*Kuganhurwa kweNyika*

1 " 'Pamunogovera nyika senhaka, munofanira kutsaurira Jehovha
mugove wenyika sedunhu dzvene, rakareba makubhiti zviuru makumi
maviri nezvishanu rine upamhi hwezviuru makumi maviri amakubhiti;
nzvimbo yose iyoyo ichava tsvene. 2 Panzvimbo iyoyi, chikamu chi-
nosvika makubhiti mazana mashanu paupamhi uye panofanira kuva
neimwe nzvimbo yakaipoteredza inosvika makubhiti makumi mashanu
paupamhi uye panofanira kuva neimwe nzvimbo inosvika makubhiti
makumi mashanu. 3 Mudunhu dzvene, unofanira kuyera chikamu
chinosvika makubhiti zviuru makumi maviri nezvishanu* paurefu uye
makubhiti zviuru gumi† paupamhi. Imomo ndimo muchava nenzvimbo
tsvene, iyo Nzvimbo Tsvene-tsvene. 4 Ichava chikamu chitsvene chenyika
yavaprista, vanoshumira munzvimbo tsvene vanoswedera kuti vashumire
pamberi paJehovha. Ichava nzvimbo yedzimba dzavo uyewo nenzvimbo
tsvene yeimba tsvene. 5 Nzvimbo inosvika makubhiti zviuru makumi

* **45:3** 45:3 makiromita angaita 12 † **45:3** 45:3 makiromita angaita 5

maviri nezvishanu paurefu uye makubhiti zviuru gumi paupamhi ichava yavaRevhi, vanoshumira mutemberi, senhaka yavo pavangavaka maguta avanogara.
6 " 'Munofanira kupa guta somugove waro nzvimbo ino upamhi hunosvika makubhiti zviuru zvishanu nourefu hunosvika zviuru makumi maviri nezvishanu, parutivi pechikamu chitsvene; inofanira kuva yeimba yose yaIsraeri.
7 " 'Muchinda achapiwa nyika inoganhurana nedunhu dzvene kuno rumwe rutivi uye inoganhurana nomugove weguta. Kurutivi rwokumavirazuva zvichienda kumavirazuva, nokurutivi rwokumabvazuva zvichienda kumabvazuva, pakureba inofanira kuenzana nomugove mumwe chete kubva kumuganhu wokumavirazuva kusvika kumuganhu wokumabvazuva, zvichienderana nomumwe wemigove yedzimba.
8 Nyika iyi ichava yake pakati paIsraeri. Uye machinda angu haachazomanikidzizve vanhu vangu asi vachatendera imba yaIsraeri kuti vatore nyika zvinoenderana namarudzi avo.
9 " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Makabvira kure kwazvo, imi imba yaIsraeri! Siyai kuita nechisimba kwenyu nokumanikidza kwenyu mugoita zvakanaka nezvakarurama. Regai kutorera vanhu vangu zvinhu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. 10 Munofanira kushandisa zviyero zvakarurama,
efa‡ yakarurama uye bhati§ rakarurama. 11 Efa nebhati zvinofanira kuenzana, bhati rine chegumi chimwe chete chehomeri* neefa ine chegumi chimwe chete chehomeri; homeri ndicho chinofanira kuva chiyero chazvo zvose. 12 Shekeri† rinofanira kuva namagera makumi maviri. Mashekeri makumi maviri kusanganisa namashekeri makumi maviri namashanu, kusanganisa namashekeri gumi namashanu zvinokwana mina rimwe chete‡.

### *Zvipiriso naMazuva Matsvene*

13 " 'Ichi ndicho chipo chakatsaurwa chaunofanira kupa: chikamu chimwe chete kubva muzvitanhatu cheefa chichibva pahomeri imwe neimwe yebhari. 14 Nechiyero chakatarwa chamafuta, chakayerwa nebhati, ndicho chegumi chebhati kubva pakori rimwe nerimwe (rina mabhati gumi kana homeri imwe chete, pamabhati gumi anoenzana nehomeri imwe chete). 15 Uyewo gwai rimwe chete rinofanira kutorwa kubva paboka rimwe nerimwe ramazana maviri achibva kumafuro akawana mvura yakakwana eIsraeri. Izvi zvichashandiswa pazvipiriso zvezviyo, nezvipiriso zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana kuti zviyananisire vanhu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha. 16 Vanhu vose venyika vachabatirana pachipo ichi chakatsaurirwa kushandiswa nomuchinda muIsraeri. 17 Richava basa romuchinda kuti auye nezvibayiro zvinopiswa, nezvezviyo nezvokunwa pamitambo yakatarwa, pakugara kwomwedzi napamaSabata, napamitambo yose yakatarwa yeimba yaIsraeri. Achauya nezvipiriso zvezvivi, nezvipiriso zvezviyo, nezvibayiro zvinopiswa nezvipiriso zvokuwadzana kuti ayananisire imba yaIsraeri.
18 " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Mumwedzi wokutanga pazuva rokutanga unofanira kutora hando duku isina kuremara ugonatsa nzvimbo tsvene.

---

‡ **45:10** 45:10 "Efa raishandiswa pakuera zvinhu zvakaoma." § **45:10** 45:10 "Bhati raishandiswa pakuera zvinhu zvemvura mvura." * **45:11** 45:11 "Homeri raishandiswa pakuera zvinhu zvakaoma." † **45:12** 45:12 shekeri rairema magiramu angaita 11.5 ‡ **45:12** 45:12 Ndiko kuti mashekeri 60, mina raiva namashekeri 50

[19] Muprista anofanira kutora rimwe reropa rechipiriso chechivi agoriisa
pamagwatidziro emikova yetemberi, pamakona mana omusara wapa-
musoro wearitari uye napambiru dzamasuo omuruvazhe rwomukati.
[20] Munofanira kuita zvimwe chetezvo pazuva rechinomwe romwedzi kuna
ani zvake asina kutadza nobwoni kana nokusaziva; saka munofanira
kuyananisira temberi.
[21] " 'Mumwedzi wokutanga pazuva regumi namana munofanira
kucherechedza Pasika, mutambo unopedza mazuva manomwe, muno-
fanira kudya chingwa chisina mbiriso pamazuva iwayo. [22] Pazuva iro,
muchinda anofanira kuuya nehando sechipiriso chechivi chake iye necha-
vanhu vose venyika. [23] Zuva rimwe nerimwe pamazuva manomwe aya
oMutambo, anofanira kuuya nehando nomwe namakondobwe manomwe
asina chaanopomerwa sechibayiro chinopiswa kuna Jehovha, nenhongo
yembudzi yechipiriso chechivi. [24] Anofanira kuuya nechipiriso chezviyo
paefa imwe chete pahando imwe neimwe, uyewo efa pagondobwe rimwe
nerimwe, pamwe chete nehini§ yamafuta paefa imwe neimwe.
[25] " 'Pamazuva manomwe oMutambo, unotanga nomwedzi wechi-
nomwe pazuva regumi namashanu, anofanira kuramba achiuya
nezvipiriso zvezvivi, nezvibayiro zvinopiswa, nezvipiriso zvezviyo na-
mafuta.

# 46

[1] " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Suo roruvazhe rwomukati rakatarisa kumab-
vazuva rinofanira kugara rakapfigwa mazuva matanhatu anobatwa nawo
basa, asi pazuva reSabata uye pazuva roKugara kwoMwedzi rinofanira
kuzarurwa. [2] Muchinda anobva kunze anofanira kupinda napabiravira
rapasuo agomira pambiru dzapasuo. Vaprista vanofanira kubayira
chipiriso chake chinopiswa nechipiriso chake chokuwadzana. Anofanira
kunamata ari pachikumbaridzo chepasuo ipapo agobuda kunze, asi
harifaniri kuzopfigwa kusvikira madekwana. [3] Vanhu venyika vanofanira
kunamata pamberi paJehovha vari pamukova wesuo pamaSabata na-
paKugara kwoMwedzi. [4] Chipiriso chinopiswa chinofanira kuvigirwa
Jehovha nomuchinda nomusi weSabata, chinofanira kuva chamakwayana
matanhatu makono negondobwe, ose asina kuremara. [5] Chipiriso
chezviyo chinopiwa pamwe chete negondobwe chinofanira kuita efa*
imwe chete, uye chipiriso chezviyo nemakwayana chinofanira kuva
sezvaanoda, pamwe chete nehini† yamafuta paefa imwe neimwe. [6] Pazuva
roKugara kwoMwedzi anofanira kupa hando duku, makwayana matan-
hatu negondobwe, zvose zvisina kuremara. [7] Anofanira kupa sechipiriso
chezviyo efa imwe chete nehando, efa imwe chete negondobwe, uye
namakwayana paanoda kupa napo, pamwe chete nehini yamafuta paefa
imwe neimwe. [8] Panopinda muchinda, anofanira kupinda napabiravira
rapanzira yesuo, uye anofanira kubuda nenzira imwe cheteyo.
[9] " 'Vanhu venyika pavanouya pamberi paJehovha panguva yemitambo
yakatarwa, ani naani anopinda napasuo rokumusoro kundonamata
anofanira kubuda nokusuo rezasi; uye ani naani anopinda nesuo rezasi
anofanira kubuda nesuo rokumusoro. Hakuna munhu anotenderwa kud-
zoka nesuo raambopinda naro, asi mumwe nomumwe anofanira kubuda

§ **45:24** 45:24 marita angaita 4 * **46:5** 46:5 marita angaita 22 † **46:5** 46:5 marita angaita 4

neimwe nzira. [10] Muchinda anofanira kuva pakati pavo, pavanopinda
anofanira kupinda navo, napavanobuda anofanira kubuda navo.

[11] " 'Pamitambo napamitambo yakatarwa, chipiriso chezviyo chino-
fanira kuita efa imwe chete nehando, efa imwe chete negondobwe,
uye namakwayana sezvaanoda, pamwe chete nehini yamafuta paefa
imwe neimwe. [12] Kana muchinda achipa chipiriso chokungopa kuna Je-
hovha, chingava chipiriso chinopiswa kana chokuwadzana, suo rakatarisa
kumabvazuva rinofanira kumuzarurirwa iye. Achapa chipiriso chake
chinopiswa kana chipiriso chokuwadzana sezvaanoita nomusi weSabata.
Ipapo anofanira kuzobuda kunze, uye shure kwokubuda kwake, suo
richapfigwa.

[13] " 'Zuva rimwe nerimwe unofanira kupa gwayana rine gore rimwe
chete risina kuremara kuti rive chipiriso chinopiswa kuna Jehovha;
mangwanani oga oga unofanira kuuya naro. [14] Unofanira kuuyawo
nechipiriso chezviyo chinokwana chikamu chimwe chete muzvitanhatu
cheefa, nechikamu chimwe chete kubva muzvitatu chehini yamafuta
okunyorovesa upfu, mangwanani oga oga. Kupiwa kwechipiriso ichi kuna
Jehovha, mutemo unogara nokusingaperi. [15] Saka gwayana nechipiriso
chezviyo namafuta zvichafanira kuuyiwa nazvo mangwanani oga oga kuti
zvive chipiriso chinopiswa nguva dzose.

[16] " 'Zvanzi naIshe Jehovha: Kana muchinda achipa chipo chinobva pan-
haka yake kuno mumwe wavanakomana vake, chichavawo chezvizvarwa
zvake zvinotevera, chichava chavo chenhaka. [17] Kunyange zvakadaro,
kana akapa chipo kubva panhaka yake kuno mumwe wavaranda vake,
muranda uyu angachichengeta hake kusvikira pagore rokusununguka;
ipapo chichadzoserwa kumuchinda. Nhaka yake ndeyavanakomana vake
chete; ndeyavo. [18] Muchinda haafaniri kutora nhaka ipi zvayo yavanhu,
achivadzinga pazvinhu zvavo. Anofanira kupa vanakomana vake nhaka
yavo inobva pane zvake, kuitira kuti vanhu vangu varege kuparadzaniswa
nezvinhu zvavo.' "

[19] Ipapo murume uyu akandipinza napamukova uri parutivi pe-
suo rinoenda kumakamuri matsvene akatarisa kumusoro, akanga ari
avaprista akandiratidza nzvimbo yakanga iri nechokumagumo kworutivi
rwokumavirira. [20] Akati kwandiri, "Iyi ndiyo nzvimbo ichabikirwa
navaprista, chipiriso chemhosva nechipiriso chechivi nokubika chipiriso
chezviyo, kuti varege kuzviuyisa kuruvazhe rwokunze zvaizoita kuti
vanhu vanatswe."

[21] Ipapo akandibudisa kuruvazhe rwokunze uye akanditungamirira
tichitenderera makona arwo mana, uye akaona pakona imwe neimwe
rumwe ruvazhe. [22] Mukati mamakona mana oruvazhe rwokunze
makanga muna mavazhe akakomberedzwa, akareba makubhiti makumi
mana noupamhi hwaiva namakubhiti makumi matatu; ruvazhe rumwe
norumwe mumakona mana aya rwakanga rwakaenzana. [23] Kupoteredza
mukati merimwe nerimwe ramavazhe mana aya makanga mune chidziro
chamabwe, nenzvimbo dzechoto dzakavakwa dzakakomberedza pasi
pechidziro. [24] Iye akati kwandiri, "Idzi ndidzo dzimba dzokubikira dzich-
abikirwa zvibayiro zvinoitirwa vanhu navaya vanoshumira mutemberi."

# 47

*Rwizi runobva paTemberi*

[1] Murume uyu akandidzosa pamukova wetemberi, ndikaona mvura yaibuda napasi pechikumbaridzo chetemberi kwakatarisa kumabvazuva, nokuti temberi yakanga yakatarira kumabvazuva. Mvura yakanga ichiyerera napasi nechezasi kwetemberi, nyasi kwearitari. [2] Ipapo akandibudisa nokusuo rokumusoro akanditungamirira pakupoterera nechokunze kwesuo rokunze rakatarisana nokumabvazuva, uye mvura yaiyerera ichibva kurutivi rwezasi.

[3] Murume uyu akati achifamba akananga kurutivi rwokumabvazuva ane rwodzi rwokuyeresa muruoko rwake, akayera makubhiti chiuru chimwe chete* ndokubva ipapo andiyambutsa nomumvura yakanga yakadzika kusvika muzviziso zvamakumbo.

[4] Akayerazve chimwe chiuru chamakubhiti akandifambisa nomumvura yaisvika mumabvi. Akayerazve chimwe chiuru chimwe chete akandiyambutsa nomumvura yaisvika muchiuno.
[5] Akayerazve chimwe chiuru chimwe chete, asi iye zvino rwakanga rwava rwizi rwandakanga ndisingagoni kuyambuka, nokuti mvura yakanga yawanda uye yakanga yadzika zvokuti munhu angashambira mairi, rwizi rwakanga rusina munhu angaruyambuka.
[6] Akandibvunza akati, "Mwanakomana womunhu, unoona izvi here?"

Ipapo akadzokera neni kumahombekombe orwizi.
[7] Ndakati ndasvikako ndakaona miti mizhinji kurutivi rumwe norumwe rworwizi.
[8] Iye akati kwandiri, "Mvura iyi inoyerera yakananga kunyika yokumabvazuva ichiburukira kuArabha kwainodira mugungwa. Painongodira mugungwa, mvura yomo inobva yanaka.
[9] Zvose zvipenyu zvinokambaira zvichagara kwose nokunoyerera rwizi. Pachava nehove zhinji zhinji, nokuti mvura iyi inoyereramo ichiita kuti mvura yomunyu inatswe; saka kwose kunoyerera rwizi zvinhu zvose zvinorarama.
[10] Varedzi vehove vachamira vakatevedza mahombekombe; kubvira kuEni Gedhi kusvikira kuEni Egiraimu kuchava nenzvimbo dzokuteya mumbure. Pachava nemhando zhinji dzehove, kufanana nehove dzeGungwa Guru.
[11] Asi matoro namachakwi haangavi nemvura yakanaka; zvichasarira munyu.
[12] Miti yemichero yemarudzi ose ichamera kumativi ose emahombekombe orwizi. Mashizha ayo haangasvavi, uye haingashayi michero. Ichabereka zvibereko mwedzi woga woga, nokuti mvura inobva panzvimbo tsvene inoyerera madziri. Michero yayo ichava zvokudya zvavanhu uye mashizha ayo achaporesa vanhu."

### *Miganhu yeNyika*

[13] Zvanzi naIshe Jehovha: "Iyi ndiyo miganhu yaunofanira kuganhura nyika kuti ive nhaka pakati pamarudzi gumi namaviri aIsraeri, nemigove miviri yaJosefa.
[14] Unofanira kuiganhura zvakaenzana pakati pavo. Nokuti ndakapika noruoko rwakasimudzwa kuti ndichaipa kumadzitateguru enyu, nyika iyi ichava nhaka yenyu.

[15] "Iyi ndiyo inofanira kuva miganhu yenyika:

"Kurutivi rwokumusoro uchabvira kuGungwa Guru nenzira yeHetironi uchipfuura nepaRebho Hamati kusvikira kuZedhadhi,
[16] Bherota neSibhiraimu (iri pamuganhu weDhamasiko neHamati), kusvika kuHazeri Hatikoni riri pamuganhu weHaurani.
[17] Muganhu uchaenda

* **47:3** 47:3 a3 mamita angaita 460

uchibva kugungwa uchindosvika kuHazari Enani, uchitevedza muganhu nokumusoro kweDhamasiko, nomuganhu weHamati kumusoro. Ndiwo uchava muganhu wokumusoro.

18 Kurutivi rwokumabvazuva muganhu uchava pakati peHaurani neDhamasiko, uchitevedza Jorodhani pakati peGireadhi nenyika yeIsraeri, kusvikira kugungwa rokumabvazuva uye uchindosvika kuTamari. Ndiwo uchava muganhu wokumabvazuva.

19 Kurutivi rwezasi, uchabvira paTamari uchindosvika kumvura yeMeribha Kadheshi, ipapo wogotevedza Rukova rweIjipiti kusvikira kuGungwa Guru. Uyu ndiwo uchava muganhu wezasi.

20 Kurutivi rwokumavirira, Gungwa Guru richava muganhu kusvikira pakatarisana neRebho Hamati. Uyu ndiwo uchava muganhu wokumavirira.

21 "Munofanira kugovana nyika iyi pakati penyu zvakaenzanirana
namarudzi aIsraeri. 22 Munofanira kugovana senhaka yenyu uye mu-
gogoverawo vatorwa vagere pakati penyu vane vana. Munofanira
kuvarangarira savaIsraeri vakaberekwa munyika ino; vanofanira kugov-
erwa nhaka pamwe chete nemi pakati pamarudzi aIsraeri. 23 Murudzi
rupi norupi mugere mutorwa, munofanira kumupa nhaka yake imomo,"
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.

# 48

*Kuganhurwa kweNyika*

1 "Aya ndiwo marudzi akanyorwa, namazita awo:

"kurutivi rwokumuganhu wokumusoro, Dhani achava nomugove mumwe chete; uchange uchitevedza mugwagwa weHetironi kusvika kuRebho Hamati; Hazari Enani nomuganhu wokumusoro kweDhamasiko, pedyo neHamati, zvichava chikamu chomuganhu wavo unobva kurutivi rwokumabvazuva kusvikira kurutivi rwokumavirira.

2 Asheri achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaDhani kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira.

3 Nafutari achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaAsheri kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira.

4 Manase achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaNafutari kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira.

5 Efuremu achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaManase kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira.

6 Rubheni achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaEfuremu kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira.

7 Judha achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaRubheni kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira.

8 "Kubva pamuganhu wenyika yaJudha zvichibvira kumabvazuva
kusvikira kumavirira, uchava mugove wamuchapa sechipo chakatsaurwa.
Uchava namakubhiti zviuru makumi maviri nezvishanu* paupamhi uye
kureba kwawo kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira kuchaenzana
nomugove worudzi rumwe, nzvimbo tsvene ichava pakati payo.

* **48:8** 48:8 makiromita angaita 11

9 “Mugove wakatsaurwa wamunofanira kupa kuna Jehovha unofanira
kureba makubhiti zviuru makumi maviri nezvishanu, nezviuru gumi†
paupamhi. 10 Uyu ndiwo uchava mugove mutsvene wavaprista. Uchareba
makubhiti makumi maviri namashanu ezviuru nechokurutivi rwokumu-
soro, nezviuru gumi zvamakubhiti paupamhi kurutivi rwokumavirira,
makubhiti zviuru gumi paupamhi kurutivi rwokumabvazuva nezviuru
makumi maviri nezvishanu zvamakubhiti pakureba kurutivi rwezasi.
Pakati payo pachava nenzvimbo tsvene yaJehovha. 11 Iyi ichava yavaprista
vakaitwa vatsvene, ivo vaZadhoki, vakanga vakatendeka pakundishu-
mira uye vasina kutsauka sezvakaitwa navaRevhi panguva yakatsauka
vaIsraeri. 12 Ichava chipo chakatsaurwa kwavari kubva pamugove
wakatsaurwa wenyika, iwo mugove mutsvene-tsvene, unoganhura nyika
yavaRevhi.

13 “VaRevhi vachava nomugove wamakubhiti akareba makumi maviri
namashanu ezviuru nezviuru gumi paupamhi, zvichienderana nenyika
yavaprista. Kureba kwayo kunofanira kuita makubhiti zviuru gumi.
14 Havafaniri kuitengesa kana kutsinhanisa chimwe chikamu chayo. Iyi
inyika yakanakisisa uye haifaniri kuiswa mumaoko avamwe vanhu,
nokuti itsvene kuna Jehovha.

15 “Nzvimbo dzakasara, dzina makubhiti zviuru zvishanu paupamhi na-
makubhiti zviuru makumi maviri namashanu pakureba, dzichashandiswa
neguta, sepokugara namafuro. Guta richava pakati pazvo 16 uye richava
nezviyero izvi: kurutivi rwokumusoro makubhiti zviuru zvina namazana
mashanu, kurutivi rwezasi makubhiti zviuru zvina namazana mashanu,
kurutivi rwokumabvazuva, makubhiti zviuru zvina namazana mashanu,
uye kurutivi rwokumavirira, makubhiti zviuru zvina namazana mashanu.
17 Nzvimbo yamafuro yeguta ichange ina makubhiti mazana maviri
namakumi mashanu kurutivi rwokumusoro, mazana maviri namakumi
mashanu kurutivi rwezasi, mazana maviri namakumi mashanu kuru-
tivi rwokumabvazuva, namazana maviri namakumi mashanu kurutivi
rwokumavirira. 18 Nzvimbo inosara, inoganhurana nenzvimbo yomugove
mutsvene ichitevedza kureba kwayo, ichava namakubhiti zviuru gumi
kurutivi rwokumabvazuva, namakubhiti zviuru gumi kurutivi rwoku-
mavirira. Zvibereko zvayo zvichapiwa kuti zvive zvokudya zvavashandi
vomuguta. 19 Vashandi vanobva muguta vanoirima vachabva kumarudzi
ose eIsraeri. 20 Mugove wacho wose uchava wakaenzana kumativi ose,
makubhiti zviuru makumi maviri nezvishanu kurutivi rumwe norumwe
rwamativi ose ari mana. Sechipo chakasarudzika, muchatsaurira parutivi
mugove mutsvene, pamwe chete nenzvimbo yeguta.

21 “Zvinosara kumativi maviri enzvimbo echikamu chitsvene, uye en-
zvimbo yeguta, zvichava zvomuchinda. Zvichaenda nechokumabvazuva
zvichibva pazviuru makumi maviri nezvishanu zvamakubhiti zvomu-
gove mutsvene kundosvika kumuganhu wokurutivi rwokumabvazuva,
uye nokurutivi rwokumavirira kubva pamakubhiti zviuru makumi
maviri nezvishanu kusvikira kumuganhu wokumavirira. Nzvimbo
idzi dziri mbiri dzakaenzana nemigove yamarudzi pakureba dzichava
dzomuchinda, uye mugove mutsvene nenzvimbo tsvene yetemberi
zvichava pakati pazvo. 22 Saka nzvimbo yavaRevhi nenzvimbo yeguta
zvichange zviri pakati penzvimbo yomuchinda. Nzvimbo yomuchinda
ichange iri pakati pomuganhu weJudha nomuganhu waBhenjamini.

† **48:9** 48:9 makiromita angaita 5

23 “Kana ari mamwe marudzi asara:

“Bhenjamini achava nomugove mumwe chete: Uchabva kurutivi rwokumabvazuva uchindosvika kurutivi rwokumavirira.
24 Simeoni achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaBhenjamini kubva kumabvazuva kusvika kumavirira.
25 Isakari achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaSimeoni kubva kumabvazuva kusvika kumavirira.
26 Zebhuruni achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaIsakari kubva kumabvazuva kusvika kumavirira.
27 Gadhi achava nomugove mumwe chete; uchaganhurana nenyika yaZebhuruni kubva kumabvazuva kusvika kumavirira.
28 Muganhu worutivi rwezasi waGadhi uchananga kurutivi rwezasi uchibva kuTamari kusvikira kumvura zhinji yeMeribha Kadheshi, ipapo wozotevedza Rukova rweIjipiti kusvikira kuGungwa Guru.

29 “Iyi ndiyo nyika yaunofanira kugovera senhaka kumarudzi aIsraeri, uye iyi ndiyo ichava migove yavo,” ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.

### *Masuo eGuta*

30 “Aya achava masuo okubuda nawo eguta:

“Kutangira kurutivi rwokumusoro, kureba kwacho kuna makubhiti zviuru zvina zvina mazana mashanu,
31 masuo eguta achatumidzwa mazita amarudzi aIsraeri. Masuo matatu ari kurutivi rwokumusoro achava suo raRubheni, suo raJudha nesuo raRevhi.
32 Kurutivi rwokumabvazuva, kuna makubhiti zviuru zvina zvina mazana mashanu pakureba, masuo matatu achamira sezvizvi: suo raJosefa, suo raBhenjamini nesuo raDhani.
33 Kurutivi rwezasi, kuna makubhiti zviuru zvina zvina mazana mashanu pakureba, masuo matatu achamira sezvizvi: suo raSimeoni, suo raIsakari nesuo raZebhuruni.
34 Kurutivi rwokumavirira, kuna makubhiti zviuru zvina zvina mazana mashanu pakureba, masuo matatu achamira sezvizvi: suo raGadhi, suo raAsheri nesuo raNafutari.

35 “Kutenderera nzvimbo yacho kuchaita nhambwe zviuru gumi nezvisere.

“Uye zita reguta kubvira panguva iyoyo zvichienda mberi richanzi:
Jehovha aripo.”

# DHANIERI

*Kudzidziswa kwaDhanieri muBhabhironi*

[1] Mugore rechitatu rokutonga kwaJehoyakimi mambo weJudha,
Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi akasvika kuJerusarema
ndokurikomba. [2] Uye Ishe akaisa Jehoyakimi mambo weJudha muruoko
rwake, pamwe chete nemimwe midziyo yaibva mutemberi yaMwari.
Akatakura izvi akaenda nazvo kutemberi yamwari wake kuBhabhironi
ndokuzviisa muimba yepfuma yamwari wake.

[3] Ipapo mambo akarayira Ashipenazi, mukuru wavatariri veruvazhe,
kuti apinze vamwe vavaIsraeri kubva mumhuri youshe nemhuri yemaku-
rukota, [4] majaya asina chinongo pamiviri yavo, vakanaka, vanoratidza
njere padzidzo yose, vanokurumidza kunzwisisa, uye vakakodzera kushu-
mira, mumuzinda wamambo. Aizovadzidzisa mutauro namagwaro
avaBhabhironi. [5] Mambo akarayira kuti vapiwe zvokudya zvezuva rimwe
nerimwe newaini yaibva patafura yamambo. Vaifanira kudzidziswa
kwamakore matatu, uye shure kwaizvozvo vaizopinda paushumiri hwa-
mambo.

[6] Pakati pavo paiva navamwe vaibva kuJudha vaiti: Dhanieri, Hanania,
Mishaeri naAzaria. [7] Vakuru vamachinda vakavatumidza mazita matsva
sezvinotevera: Dhanieri vakamupa zita rokuti Bheriteshazari; Hanania
akanzi Shadhireki; Mishaeri akanzi Meshaki; uye Azaria akanzi Abhed-
hinego.

[8] Asi Dhanieri akazvisunga mumwoyo make kuti arege kuzvisvibisa nez-
vokudya zvamambo newaini yake, uye akakumbira mukuru wamachinda
mvumo yokuti arege kuzvisvibisa nenzira iyi. [9] Zvino Mwari akanga aita
kuti muchinda aitire Dhanieri nyasha nengoni, [10] asi muchinda akaudza
Dhanieri kuti, "Ndinotya ishe wangu mambo, anova ndiye akarayira
zvamunofanira kudya nokunwa. Achaonereiko zviso zvenyu zvakaonda
kupfuura zvamamwe majaya ezera renyu? Mambo achaita kuti musoro
wangu udimurwe nokuda kwenyu."

[11] Ipapo Dhanieri akati kumurindi akanga anzi nomubati mukuru
achengete Dhanieri, Hanania, Mishaeri naAzaria, [12] "Ndapota edzai henyu
varanda venyu kwamazuva gumi. Regai henyu kutipa chimwe chinhu asi
tipei muriwo tidye uye nemvura yokunwa chete. [13] Ipapo mugoenzanisa
zviso zvedu nezvamajaya anodya zvokudya zvamambo mugobata varanda
venyu samaonero enyu." [14] Saka akatenda hake pane izvozvi ndokuvaedza
kwamazuva gumi.

[15] Mazuva gumi akati apera, ivo vakaratidza kuva noutano hwakag-
winya uye nemiviri yakanaka kupinda majaya akadya zvokudya zva-
mambo. [16] Saka murindi akabvisa zvokudya zvakasarudzika newaini
yavaifanira kunwa ndokuvapa muriwo pachinzvimbo chazvo.

[17] Mwari akapa majaya mana aya ruzivo nokunzwisisa kwemhando
dzose dzamagwaro nedzidzo. Uye Dhanieri ainzwisisa zviratidzo nezvi-
roto zvemhando dzose.

[18] Mazuva akatarwa namambo kuti vapinde akati apera, mukuru
wamachinda akavaisa kuna Nebhukadhinezari. [19] Mambo akataura
navo, uye akasawana mumwe zvake akanga akaenzana navanaDhanieri,
Hanania, Mishaeri naAzaria; saka vakapinda kuti vandoshandira mambo.

20 Pazvinhu zvose zvouchenjeri nokunzwisisa pamusoro pezvose zvaib-
vunzwa namambo, akavawana vachipfuura kagumi n'anga dzose na-
vanhu vose muumambo hwose.
21 Uye Dhanieri akagaramo kusvikira gore rokutonga raMambo Sirasi.

# 2

*Kurota kwaNebhukadhinezari*

1 Mugore rechipiri rokutonga kwake, Nebhukadhinezari akarota hope;
pfungwa dzake dzikashushikana uye akashaya hope. 2 Saka mambo
akarayira n'anga, navanofarira mazango, navaroyi, navafemberi vezveny-
eredzi kuti vamuudze zvaakanga arota. Vakati vapinda vakamira pamberi
pamambo, 3 iye akati kwavari, "Ndakarota hope dzinonditambudza zvino
ndinoda kuziva zvadzinoreva."
4 Ipapo vachenjeri vezvenyeredzi vakapindura mambo norurimi
rwavaAramu vachiti, "Haiwa mambo, raramai nokusingaperi! Udzai
varanda venyu kurota kwenyu, isu tigodudzira."
5 Mambo akapindura vachenjeri vezvenyeredzi achiti, "Izvi ndizvo
zvandafunga chaizvoizvo: Kana imi mukasandiudza kuti kurota kwangu
kwaiva kupi uye mukadudzira, ndichaita kuti mugurwe-gurwe uye
dzimba dzenyu dziitwe mirwi yamarara. 6 Asi kana mukandi-
udza zvandakarota mukazvidudzira, muchagamuchira zvipo nemibayiro
nokukudzwa kukuru zvinobva kwandiri. Saka ndiudzei chiroto mu-
gochidudzira kwandiri."
7 Ivo vakapindurazve vachiti, "Mambo ngaaudze varanda vake chiroto,
uye isu tichachidudzira."
8 Ipapo mambo akapindura akati, "Ndinoziva kwazvo kuti imi munon-
goda kuwedzera nguva, nokuti munoziva kuti izvi ndizvo zvandatema:
9 Kana musingandiudzi zvandarota, panongova nechirango chimwe chete.
Imi makarangana kundiudza zvinhu zvinonyengera uye zvakaipa, muchi-
funga kuti zvinhu zvichashanduka. Saka zvino, ndiudzei zvandakarota,
ndigoziva kuti muchagona kundidudzira chiroto."
10 Vachenjeri vezvenyeredzi vakapindura mambo vachiti, "Hakuna
munhu panyika angagona kuita zvinodiwa namambo! Hakuna mambo,
kunyange mukuru kana ane simba, akambotsvaka chinhu chakadai
kun'anga ipi zvayo kana vaya vanoita zvamazango kana vachenjeri
vezvenyeredzi. 11 Zvinhu zvinodikanwa namambo zvakaoma kwazvo.
Hakuna munhu angazvizivisa kuna mambo izvozvo kunze kwavamwari,
uye vasingagari pakati pavanhu."
12 Izvi zvakaita kuti mambo ashatirwe zvikuru uye akava nehasha
zvokuti akarayira kuti vakachenjera vose veBhabhironi vaurayiwe. 13 Saka
chirevo chakapiwa kuti vachenjeri vaurayiwe, uye varume vakatumwa
kundotsvaka Dhanieri neshamwari dzake kuti vaurayiwewo.
14 Arioki, mukuru wavarindi vamambo, akati abudisa kundouraya
vachenjeri veBhabhironi, Dhanieri akataura kwaari nouchenjeri uye
nokungwara. 15 Akabvunza muchinda wamambo achiti, "Seiko mambo
akatema chirevo chakadai?" Arioki akatsanangurira Dhanieri nyaya
yacho. 16 Nokudaro, Dhanieri akapinda kuna mambo akandokumbira
nguva kwaari, kuitira kuti agomududzira chiroto chiya.
17 Ipapo Dhanieri akadzokera kumba kwake akandotsanangurira
nyaya yacho kushamwari dzake vanaHanania, Mishaeri naAzaria.
18 Akavakurudzira kuti vakumbire nyasha kubva kuna Mwari wokudenga

pamusoro pechakavanzika ichi, kuitira kuti iye neshamwari dzake varege
kuurayiwa pamwe chete navakachenjera veBhabhironi. 19 Chakavanzika
ichi chakazoratidzwa kuna Dhanieri usiku muchiratidzo. Ipapo Dhanieri
akarumbidza Mwari wokudenga 20 akati:
“Zita raMwari ngarirumbidzwe nokusingaperi-peri;
uchenjeri nesimba ndezvake.
21 Anoshandura nguva nemwaka;
ndiye anogadza madzimambo uye ndiye anoabvisa.
Anopa uchenjeri kuna vakachenjera
nezivo kuna vanonzvera.
22 Anozarura zvakadzika nezvakavanzika;
anoziva zviri murima,
uye chiedza chinogara maari.
23 Ndinokuvongai uye ndinokurumbidzai, imi Mwari wamadzibaba angu:
Makandipa uchenjeri nesimba,
makandizivisa zvatakakumbira kwamuri,
makazivisa kwatiri kurota kwamambo.”

### *Dhanieri anodudzira Chiroto*

24 Ipapo Dhanieri akaenda kuna Arioki, uya akanga agadzwa na-
mambo kuti auraye varume vakachenjera veBhabhironi, akati kwaari,
“Musauraya vachenjeri veBhabhironi. Ndiendesei kuna mambo, ndino-
mududzira zvaakarota.”
25 Arioki akaenda naDhanieri kuna mambo nokukurumidza uye akati
kwaari, “Ndawana munhu pakati pavakatapwa vokwaJudha anogona
kuudza mambo zvinoreva chiroto chavo.”
26 Mambo akabvunza Dhanieri (iye ainziwo Bheriteshazari), “Iwe
unogona here kundiudza zvandakaona pakurota uye ugozvidudzira?”
27 Dhanieri akapindura akati, “Hakuna munhu akachenjera, kana
wamazango, kana n’anga kana mufemberi angagona kurondedzera kuna
mambo chakavanzika chaanobvunza pamusoro pacho 28 asi kudenga
kuna Mwari anozivisa zvakavanzika. Iye akaratidza Mambo Nebhukad-
hinezari zvichaitika mumazuva anouya. Kurota kwenyu nezviratidzo
zvakaratidzwa mundangariro dzenyu muvete pamubhedha ndezvizvi:
29 “Pamakanga muvete ipapo, imi mambo, pfungwa dzenyu dza-
kaenda kuzvinhu zvichauya, uye muzivisi wezvakavanzika akakuratidzai
zvichaitika. 30 Asi ini chakavanzika ichi chakaziviswa kwandiri, kwete
nokuda kwokuti ndine njere huru kupfuura vamwe vanhu vanorarama
asi kuti imi mambo, mugoziva dudziro uye kuti mugonzwisisa zvakapinda
mundangariro dzenyu.
31 “Imi mambo, makatarira, uye ipapo pamberi penyu pakanga pamire
chifananidzo, chakakura kwazvo, chaibwinya, chaityisa pakuonekwa
kwacho. 32 Musoro wechifananidzo ichi wakanga wakaitwa negoridhe
rakanatswa, chipfuva chacho namaoko zvakanga zviri zvesirivha; dumbu
racho nezvidyiro zvaiva zvendarira, 33 makumbo acho akanga ari esimbi,
tsoka dzacho dzaiti pamwe simbi pamwe ivhu. 34 Muchakatarisa,
makaona ibwe richivezwa, asi kwete namaoko omunhu. Rakarova
chifananidzo patsoka dzacho dzesimbi nevhu ndokuzvipwanya. 35 Ipapo
simbi, ivhu, ndarira, sirivha, negoridhe zvakaputsanyiwa nenguva imwe
cheteyo zvikaita sehundi iri paburiro panguva yechirimo. Mhepo
yakazvikukura pakasava nechinhu chakasara. Asi ibwe riya rakarova
chifananidzo rakazova gomo guru rikazadza nyika yose.

36 “Uku ndiko kwaiva kurota kwenyu, uye zvino tichakududzira kwa-
muri mambo. 37 Imi mambo, muri mambo wamadzimambo. Mwari
wokudenga akakupai ushe nesimba noukuru nokubwinya, 38 akaisa
marudzi avanhu mumaoko enyu nezvikara zvenyika neshiri dzedenga.
Akakuitai mutongi pamusoro pazvo, pose pazvinogara. Ndimi musoro uya
wegoridhe.
39 “Shure kwenyu, humwe umambo huchamuka, hudiki kuno hwenyu.
Umambo hwechitatu huchatevera, umambo hwendarira, huchatonga
pamusoro penyika yose. 40 Pakupedzisira kuchava noushe hwechina,
hwakasimba sesimbi, nokuti simbi inopwanya uye inoputsanya zvinhu
zvose, uye sokuputsanya kunoita simbi zvinhu, saizvozvo huchapwanya
uye hugoputsanya humwe hwose. 41 Sezvamakaona kuti tsoka nezvi-
gunwe zvakanga zvakavhenganiswa ivhu nesimbi, saizvozvo umambo
uhu huchava hwakaganhurwa, asi huchava nerimwe simba resimbi
mahuri, sezvamakaona simbi yakavhenganiswa nevhu. 42 Sezvo zvigunwe
zvakanga zvakati pamwe simbi pamwe ivhu, saizvozvo umambo uhu
huchava hwakasimba kuno rumwe rutivi uye husina kusimba kuno
rumwe rutivi. 43 Uye sezvamakaona simbi yakavhenganiswa nevhu,
saizvozvo vanhu vachavhengana uye havangarambi vakabatana, sezvi-
noita ivhu nesimbi zvakavhengana.
44 “Mumazuva amadzimambo ayo, Mwari wokudenga achagadza ushe
husingazoparadzwi, uye hahungazombosiyirwi vamwe vanhu. Huchap-
wanya ushe hwose hugohugumisa, asi ihwo huchagara nokusingaperi.
45 Izvi ndizvo zvinoreva chiratidzo chedombo rakavezwa pagomo, asi
kwete namaoko omunhu, dombo rakaputsa simbi, ndarira, ivhu, sirivha
negoridhe zvikati mwarara.
“Mwari mukuru akaratidza mambo zvichaitika pamazuva anouya.
Kurota uku ndokwechokwadi uye nedudziro yacho ndeyechokwadi.”
46 Ipapo mambo Nebhukadhinezari akawira pasi nechiso chake pamberi
paDhanieri akamuremekedza akarayira kuti apiwe chipo nezvinonhuh-
wira. 47 Mambo akati kuna Dhanieri, “Zvirokwazvo Mwari wako
ndiMwari wavamwari naIshe wamadzimambo uye nomuzivisi wezvaka-
vanzika, nokuti iwe wakagona kuzivisa chakavanzika ichi.”
48 Ipapo mambo akaisa Dhanieri pachinzvimbo chakakwirira akapa
zvipo zvizhinji kwaari. Akamuita mutongi pamusoro penyika yose yeB-
habhironi akamuita mukuru wavachenjeri vose. 49 Pamusoro paizvozvo,
Dhanieri akakumbira mambo kuti agadze vanaShadhireki, Meshaki
naAbhedhinego kuti vave vatariri vamatunhu eBhabhironi, iye Dhanieri
pachake achiramba ari paruvazhe rwamambo.

# 3

*Chifananidzo cheGoridhe neVira roMoto*

1 Mambo Nebhukadhinezari akaita chifananidzo chegoridhe, chakanga
chakareba makubhiti makumi matanhatu* uye makubhiti matanhatu†
paupamhi, akachimisa pabani reDhura munyika yeBhabhironi. 2 Ipapo
akadana machinda, varayiri, madzishe, vapi vamazano, vachengeti
vepfuma, vatongi vedzimhosva vakuru, vatongi vedzimhosva vadiki
navamwe vabati vose vamatunhu kuti vauye kuzokumikidza chifananidzo
chaakanga amisa. 3 Saka machinda, varayiri, madzishe, vapi vamazano,
vachengeti vepfuma, vatongi, navatongi vedzimhosva navamwe vabati

* **3:1** 3:1 mamita 27 † **3:1** 3:1 mamita angaita 2.7

vose vamatunhu vakaungana kuti vakumikidze chifananidzo chakanga
chamiswa naMambo Nebhukadhinezari, vakamira pamberi pacho.

4 Ipapo mushamarari akadanidzira zvikuru achiti, "Izvi ndizvo zva-
munorayirwa kuti muite, imi vanhu, nemi ndudzi nemi vanhu vemi-
tauro yose: 5 Pamunongonzwa kurira kwehwamanda, nyere, mutopota,
rudimbwa, mbira, mabhosvo nemhando dzose dzezviridzwa, munofanira
kuwira pasi mugonamata chifananidzo chegoridhe chakamiswa naMambo
Nebhukadhinezari. 6 Ani naani asingawiri pasi achinamata achakandwa
muvira romoto pakarepo."

7 Naizvozvo, pavakangonzwa kurira kwehwamanda, nyere, mutopota,
rudimbwa, mbira nemhando dzose dzezviridzwa, vanhu vose, nendudzi
dzose navanhu vemitauro yose vakawira pasi ndokunamata chifananidzo
chegoridhe chakanga chamiswa naMambo Nebhukadhinezari.

8 Panguva iyi vamwe voruzivo nezvenyeredzi vakauya pamberi
vakatuka vaJudha. 9 Vakati kuna Mambo Nebhukadhinezari, "Imi
mambo, raramai nokusingaperi! 10 Makatema chirevo imi mambo,
kuti ani naani anonzwa kurira kwehwamanda, nenyere, nomutopota,
norudimbwa, nembira namabhosvo uye nemhando dzose dzezviridzwa,
anofanira kuwira pasi anamate chifananidzo chegoridhe, 11 uye kuti ani
naani asingawiri pasi akanamata achakandwa muvira romoto. 12 Asi
pane vamwe vaJudha vamakagadza pamusoro pamabasa enyika yeB-
habhironi, Shadhireki, Meshaki naAbhedhinego, vasingatomboteereri imi
mambo. Havamboshumiri vamwari venyu kana kunamata chifananidzo
chegoridhe chamakamisa."

13 Nebhukadhinezari azere nehasha, akarayira kuti Shadhireki, Meshaki
naAbhedhinego vauye. Saka varume ava vakauyiswa pamberi pamambo,
14 Nebhukadhinezari akati kwavari, "Ichokwadi here, imi vanaShadhireki,
Meshaki naAbhedhinego, kuti hamusi kushumira vamwari vangu kana
kunamata chifananidzo chegoridhe chandakamisa? 15 Zvino pamunonzwa
kurira kwehwamanda, nyere, mutopota, rudimbwa, mabhosvo nemhando
dzose dzezviridzwa, kana mukagadzirira kuwira pasi, mukanamata
chifananidzo chandakaita, zvakanaka hazvo. Asi kana musingachinamati,
muchakandwa mumoto pakarepo. Zvino mwari achakurwirai muruoko
rwangu ndoupiko?"

16 Shadhireki, Meshaki naAbhedhinego vakapindura mambo vakati,
"Imi Nebhukadhinezari, isu hatifaniri kuzvirwira pamberi penyu pamu-
soro penyaya iyi. 17 Kana tikakandwa mumoto unopfuta, Mwari wati-
noshumira anogona kutiponesa pauri, uye achatirwira paruoko rwenyu,
imi mambo. 18 Asi kunyange dai akasatirwira, tinoda kuti muzive, imi
mambo, kuti hatizoshumiri vamwari venyu kana kunamata chifananidzo
chegoridhe chamakamisa."

19 Ipapo Nebhukadhinezari akashatirwa nokuda kwaShadhireki, Me-
shaki naAbhedhinego, chiso chake chikavashandukira. Akarayira kuti
vira romoto riveserwe moto unopisa kwazvo kukunda unosiveserwamo
kanomwe. 20 Uye akarayira vamwe vavarwi vehondo yake vakasimba
kwazvo kuti vasunge Shadhireki naMeshaki naAbhedhinego vavakande
mumoto uyu waipfuta kwazvo. 21 Saka varume ava, vakapfeka nguo
dzavo, namabhurugwa avo, nenguwani dzavo nedzimwe hembe, vaka-
sungwa ndokukandwa mumoto waipfuta kwazvo. 22 Kurayira kwamambo
kwakava nechimbi chimbi kwazvo uye choto chaipisa kwazvo zvokuti
moto wakauraya varwi vakakanda Shadhireki, Meshaki naAbhedhinego,

23 uye varume vatatu ava vakasungwa zvakasimba, vakawira mumoto
unopfuta kwazvo.
24 Ipapo Mambo Nebhukadhinezari akasvetuka achishamisika kwazvo
ndokubvunza vanamupamazano vake achiti, “Ko, havasi varume vatatu
vatasunga tikakanda mumoto here?”
Vakamupindura vachiti, “Ndizvozvo mambo.”
25 Iye akati, “Tarirai! Ndiri kuona vanhu vana vachifamba-famba
mumoto, vasina kusungwa uye vasina kutsva, uye wechina anoratidzika
somwanakomana wavamwari.”
26 Ipapo Nebhukadhinezari akaswedera kumuromo wechoto chomoto
waipfuta kwazvo akadanidzira akati, “Shadhireki, newe Meshaki naAb-
hedhinego, imi varanda vaMwari Wokumusoro-soro, budai. Uyai pano!”
Saka Shadhireki, Meshaki naAbhedhinego vakabuda mumoto, 27 uye
machinda, varayiri, vabati navanamupamazano vamambo vakavaun-
ganira. Vakaona kuti moto wakanga usina kumbokuvadza miviri yavo,
uye nebvudzi remisoro yavo harina kumbotsva; uye nguo dzavo hadzina
kutsva, uye pakanga pasina kunhuhwa kwomoto pavari.
28 Ipapo Nebhukadhinezari akati, “Mwari waShadhireki naMeshaki
naAbhedhinego ngaarumbidzwe, iye akatuma mutumwa wake kuzorwira
varanda vake! Ivo vakavimba naye vakazvidza murayiro wamambo uye
vakazvipira kurasikirwa noupenyu hwavo pano kuti vashumire kana
kunamata vamwari vapi zvavo kunze kwaMwari wavo. 29 Naizvozvo
ndinotema kuti vanhu vorudzi rupi kana mutauro upi zvawo vanotaura
chinhu chipi zvacho chinopesana naMwari waShadhireki naMeshaki
naAbhedhinego vatemwe-temwe uye dzimba dzavo dziitwe madurunhuru
amarara, nokuti hakuna mumwe mwari angaponesa nenzira iyi.”
30 Ipapo mambo akasimudzira Shadhireki, Meshaki naAbhedhinego
munyika yeBhabhironi.

# 4

*Nebhukadhinezari anorota Muti*

1 Mambo Nebhukadhinezari:

Kuvanhu, nokundudzi navanhu vemitauro yose, vagere munyika yose:

Budirirai zvikuru!

2 Ndafara kwazvo kuti ndikuzivisei zviratidzo nezvinoshamisa zvan-
dakaitirwa naMwari Wokumusoro-soro.

3 Zviratidzo zvake zvikuru sei,
zvishamiso zvake zvine simba sei!
Umambo hwake umambo husingaperi;
kubata kwake ushe kunosvika kuzvizvarwa nezvizvarwa.

4 Ini Nebhukadhinezari ndakanga ndiri mumba mumuzinda wangu,
ndakanyatsogutsikana uye ndichinyatsobudirira. 5 Ndakarota hope
dzakandityisa. Pandakanga ndivete pamubhedha wangu, zvifananidzo
nezviratidzo zvakapinda mupfungwa dzangu zvakandivhundutsa.
6 Saka ndakarayira kuti varume vakachenjera veBhabhironi vauyiswe
pamberi pangu kuti vazondidudzira kurota uku. 7 N’anga, navaya
vanofarira mazango, navazivi vezvenyeredzi navafemberi vakati
vauya, ndakavaudza kurota kwangu, asi havana kugona kundidudzira.
8 Pakupedzisira, Dhanieri akauya pamberi pangu ndikamuudza kurota

kwangu. (Ndiye anonzi Bheriteshazari, akapiwa zita ramwari wangu,
uye mweya wavamwari vatsvene uri maari.)
9 Ndakati, "Bheriteshazari, iwe mukuru wen'anga, ndinoziva kuti
mweya wavamwari vatsvene uri mauri, uye hakuna chakavanzika
chinokuomera. Hezvino zvandakarota; chindidudzira. 10 Hezvino zvan-
dakaratidzwa, zvandakaona ndivete pamubhedha wangu: Ndakatarisa,
ndikaona pamberi pangu pamire muti, uri pakati penyika. Kureba
kwawo kwakanga kuri kukuru kwazvo. 11 Muti wakakura ukasimba
uye manhengenya awo aisvika kudenga; wakanga uchioneka kusvika
kumigumo yenyika. 12 Mashizha awo akanga akanaka, uye michero
yawo yakawanda chose, uye pamusoro pawo pakanga pane zvokudya
zvazvose. Mhuka dzesango dzakawana mumvuri pasi pawo, uye shiri
dzedenga dzaimhara pamatavi awo; zvipenyu zvose zvaidya pauri.
13 "Ndakaona muzviratidzo, ndakavata pamubhedha wangu,
ndikatarisa, ipapo pamberi pangu pakanga pano mutumwa, iye
mutsvene, achiburuka kubva kudenga. 14 Akadanidzira nenzwi
guru achiti, 'Temai muti uyu mugokwanhura matavi awo; pururai
mashizha awo mugoparadzira michero yawo. Mhuka ngadzitize pasi
pawo, neshiri ngadzibve pamatavi awo. 15 Asi hunde nemidzi yawo,
yacho zvakasungwa nesimbi nendarira, ngazvisare muvhu, muuswa
hwesango.
" 'Ngaanyoroveswe nedova rokudenga, uye ngaagare nemhuka pakati
pemiti yenyika. 16 Pfungwa dzake ngadzishandurwe kubva pane
dzomunhu uye ngaapiwe pfungwa dzemhuka, kusvikira nguva nomwe
dzamuperera.
17 " 'Kutonga uku kwaziviswa navatumwa, vatsvene ndivo vareva
zvakatongwa, kuitira kuti vapenyu vagoziva kuti Wokumusoro-soro
ndiye ishe pamusoro poushe hwavanhu uye anohupa kuna ani naani
waanoda anogadza pamusoro pavo munhu wapasipasi.'
18 "Ndiko kurota kwandakaita, ini Mambo Nebhukadhinezari. Zvino
chindiudza zvazvinoreva, iwe, Bheriteshazari, nokuti hakuna varume
vakachenjera muushe hwangu vangagona kundidudzira. Asi iwe
unogona, nokuti mweya wavamwari vatsvene uri mauri."

### *Dhanieri anodudzira Kurota*

19 Ipapo Dhanieri (ndiyewo Bheriteshazari) akakatyamara zvikuru
kwechinguva uye pfungwa dzake dzakamuvhundutsa. Saka mambo
akati kwaari, "Bheriteshazari, kurota uku kana zvakunoreva ngakurege
kukuvhundutsa."
Bheriteshazari akapindura achiti, "Ishe wangu, dai chete kurota uku
kwareva vavengi venyu nedudziro yacho vadzivisi venyu! 20 Muti
wamakaona, wakakura uye ukasimba, una manhengenya awo anosvika
kudenga, unoonekwa pasi pose, 21 una mashizha akanaka nemichero
mizhinji, uchipa zvokudya kuna vose, uchipa mumvuri kumhuka
dzesango, uye nenzvimbo dzamatendere eshiri dzedenga pamatavi awo,
22 imi, iyemi mambo, ndimi muti wacho! Mava mukuru uye mune
simba; ukuru hwenyu hwakakura kusvika kudenga, uye ushe hwenyu
hunosvika kumagumo enyika.
23 "Imi, iyemi mambo, makaona mutumwa, iye mutsvene, achiburuka
kubva kudenga achiti, 'Temai muti uyo muuparadze, asi musiye hunde,
yakasungwa nesimbi nendarira, mukati mebundo resango, asi midzi
yawo iri muvhu. Ngaanyoroveswe nedova redenga; ngaararame
semhuka dzesango, kusvikira nguva nomwe dzamuperera.'

24 “Uku ndiko kududzirwa kwazvo, imi mambo, ichi ndicho chirevo
cheWokumusoro-soro chapiwa pamusoro penyu, ishe wangu mambo:
25 Muchadzingwa pakati pavanhu uye muchagara nemhuka dzesango;
muchadya bundo semombe uye muchanyoroveswa nedova redenga.
Nguva nomwe dzichakupfuurai kusvikira maziva kuti Wokumusoro-
soro ndiye ishe pamusoro poushe hwavanhu uye anohupa kuna ani
zvake waanenge ada. 26 Zvakarayirwa kuti hunde yomuti nemidzi yawo
zvirambe zviripo zvinoreva kuti umambo hwenyu huchavandudzwa
pamuchayeuka kuti denga rinotonga. 27 Naizvozvo, imi mambo,
farirai kugamuchira zvandinokurayirai: Siyai zvivi zvenyu nokuita
zvakarurama, uye kuipa kwenyu nokuitira zvakanaka vanomanikidzwa.
Zvimwe zvingaitika kuti ipapo kubudirira kwenyu kuchaenderera
mberi.”

*Chiroto Chinozadziswa*

28 Zvose izvi zvakaitika kuna Mambo Nebhukadhinezari. 29 Shure
kwemwedzi gumi nemiviri, mambo paakanga achifamba pamusoro
pedenga romuzinda wamambo weBhabhironi, 30 akati, “Ko, iri harizi
Bhabhironi guru randakavaka sougaro hwoushe, nesimba rangu guru
uye nokuda kwokubwinya kwoushe hwangu here?”

31 Mashoko akanga achiri mumuromo make pakauya inzwi richibva
kudenga richiti, “Hezvino zvawatemerwa, iwe Mambo Nebhukad-
hinezari: Simba roumambo hwako rabviswa kwauri. 32 Uchadzingwa
pakati pavanhu uye uchagara nemhuka dzesango; uchadya uswa
semombe. Nguva nomwe dzichakuperera kusvikira waziva kuti
Wokumusoro-soro ndiye Ishe pamusoro poushe hwavanhu uye kuti
anohupa kuna ani zvake waanenge ada.”

33 Pakarepo, zvakanga zvarehwa pamusoro paNebhukadhinezari
zvakazadzisika. Akadzingwa pakati pavanhu akafura uswa semombe.
Muviri wake wakanyoroveswa nedova redenga kusvikira bvudzi rake
rareba seminhenga yegondo uye nzara dzake dzafanana nedzeshiri.

34 Nguva iyoyo yakati yapera, ini, Nebhukadhinezari, ndakasimudzira
meso angu kudenga, uye pfungwa dzangu dzakadzoredzerwa. Ipapo
ndakarumbidza Wokumusoro-soro; ndakamuremekedza uye ndika-
mukudza iye anogara nokusingaperi.

Ushe hwake hahuperi;
umambo hwake hunogara kubva kuchizvarwa kusvikira kune chimwe chizvarwa.
35 Vanhu vose venyika
vanoonekwa sevasina maturo.
Iye anoita sezvaanoda
namasimba okudenga
uye navanhu venyika.
Hakuna munhu angakonesa ruoko rwake
kana kuti kwaari, “Waiteiko?”

36 Panguva yacho iyoyo yakavandudzwa pfungwa dzangu, kukudzwa
kwangu nokubwinya kwangu kwakadzorerwa kwandiri nokuda
kwokubwinya kwoushe hwangu. Vanamupamazano vangu na-
makurukota vakanditsvaka, uye ndakadzorerwazve pachigaro changu
choushe ndikava mukuru kunyange kupfuura kare. 37 Zvino ini
Nebhukadhinezari, ndinorumbidza, ndinosimudzira uye ndinokudza
Mambo wokudenga, nokuti zvose zvaanoita zvakarurama uye nzira

dzake dzose dzakarurama. Uye iye anogona kuninipisa vaya vanofamba
mukuzvikudza.

# 5

*Ruoko Runonyora paMadziro*

1 Mambo Bherishazari akaitira makurukota chiuru mabiko makuru
akanwa waini pamwe chete navo. 2 Bherishazari achiri kunwa waini yake,
akarayira kuti vauyise midziyo yegoridhe neyesirivha iya yakanga ya-
torwa nababa vake Nebhukadhinezari kubva kutemberi yokuJerusarema,
kuitira kuti mambo namakurukota ake, navakadzi vake uye navarongo
vake vanwiremo. 3 Saka vakauyisa midziyo yegoridhe yakanga yatorwa
mutemberi yaMwari muJerusarema, uye mambo namakurukota ake,
vakadzi vake navarongo vake vakanwira mairi. 4 Pavakanga vachinwa
waini, vakarumbidza vamwari vegoridhe, vesirivha, vendarira, vesimbi,
vamatanda nevamabwe.

5 Pakarepo minwe yoruoko rwomunhu yakaonekwa ikanyora pa-
madziro akanamwa, pedyo napachigadziko chomwenje mumuzinda wa-
mambo. Mambo akatarisa chanza pachakanga chichinyora. 6 Chiso
chake chakashanduka akatsvukuruka uye akavhunduka zvikuru, mabvi
ake akadedera uye makumbo ake akarukutika.

7 Mambo akadana vaya vamazango, vazivi vezvenyeredzi navavuki kuti
vaunzwe ndokuti kuvarume ava vakachenjera veBhabhironi, "Ani naani
anoverenga runyoro urwo uye akanditaurira zvarunoreva achapfekedzwa
nguo dzepepuru uye nouketani hwegoridhe mumutsipa wake, uye
achaitwa mutongi wapamusoro-soro wechitatu muumambo."

8 Ipapo vakachenjera vose vamambo vakapinda, asi havana kugona
kuverenga runyoro kana kutaurira mambo zvarwaireva. 9 Saka Mambo
Bherishazari akanyanya kutya uye uso hwake hukanyanya kutsvukuruka.
Makurukota ake akakanganisika.

10 Mambokadzi akati achinzwa inzwi ramambo namakurukota ake,
akauya muimba yaiitirwa mabiko, akati, "Imi mambo, raramai nokusin-
gaperi! Musatya! Regai kutsvukuruka kuuso kwenyu! 11 Muumambo
hwenyu muno murume ano mweya wavamwari vatsvene maari. Panguva
yababa venyu iye akawanikwa achigona zviri mberi nezivo nouchen-
jeri hwakafanana nohwavamwari. Mambo Nebhukadhinezari baba
venyu, ndati baba venyu imi mambo, vakamugadza kuti ave mukuru
wen'anga, nowevamazango, vazivi vezvenyeredzi navavuki. 12 Murume
uyu Dhanieri, iye akatumidzwa zita rokuti Bheriteshazari namambo,
akawanikwa aine pfungwa dzine shungu nezivo uye ano kunzwisisa,
kugona kududzira kurota, nokutsanangura zvirahwe uye nokupedza
matambudziko akaoma. Daidzai Dhanieri, uye iyeye achakuudzai zvi-
noreva runyoro."

13 Saka Dhanieri akauyiswa pamberi pamambo, mambo akati kwaari,
"Ndiwe Dhanieri mumwe wavakatapwa nababa vangu mambo kubva
kuJudha here? 14 Ndanzwa kuti mweya wavamwari uri mauri uye kuti
unoona zviri mberi, une zivo nouchenjeri hwapamusoro. 15 Vachenjeri
nevamazango vakauyiswa pamberi pangu kuti vazoverenga runyoro
urwu uye vagondiudza zvarunoreva, asi havana kugona kunditsanan-
gurira. 16 Zvino ndanzwa kuti unogona kupa dudziro uye unope-
dza matambudziko akaoma. Kana ukagona kuverenga runyoro uye
ukanditaurira zvarunoreva, uchapfekedzwa nguo yepepuru, uchaiswa

uketani hwegoridhe pamutsipa wako, uye uchaitwa mutongi wechitatu wapamusoro-soro muumambo."
17 Ipapo Dhanieri akapindura mambo achiti, "Zvichengeterei henyu zvipo zvenyu uye mugopa mibayiro yenyu kuno mumwe. Kunyange zvakadaro, ndichaverengera mambo runyoro ndigomuudza zvarunoreva."
18 "Haiwa mambo, Mwari Wokumusoro-soro akapa baba venyu Nebhukadhinezari ushe, ukuru, kukudzwa nokubwinya.
19 Nokuda kwechinzvimbo chakakwirira chaakamupa, vanhu vose nendudzi dzose navanhu vemitauro yose vakadedera uye vakamutya. Avo vaaida kuuraya, aiuraya, avo vaaida kuraramisa, airaramisa; avo vaaida kusimudzira, aisimudzira; uye avo vaaida kuninipisa, aininipisa.
20 Asi mwoyo wake wakati wazvikudza uye waomeswa nokuzvikudza, akabviswa pachigaro chake choushe vakamutorera kukudzwa kwake.
21 Akadzingwa pakati pavanhu akapiwa pfungwa yemhuka; akagara pakati pembizi akadya uswa semombe; uye muviri wake ukanyoroveswa nedova rokudenga, kusvikira aziva kuti Mwari Wokumusoro-soro ndiye ishe pamusoro poushe hwavanhu uye kuti anogadza pamusoro pavo ani zvake waanoda.
22 "Asi imi mwanakomana wake, imi Bherishazari, hamuna kuzvininipisa, kunyange maiziva henyu chinhu ichi.
23 Pamusoro pezvo imi masarudza kurwa naIshe wokudenga. Maita kuti midziyo yegoridhe iuyiswe kwamuri ichibva kutemberi, uye imi namakurukota enyu, vakadzi venyu navarongo venyu manwira waini mairi. Marumbidza vamwari vesirivha, vegoridhe, vendarira, vesimbi, vamatanda nevamabwe, vasingagoni kuona, kunzwa kana kunzwisisa. Asi hamuna kukudza Mwari akabata muruoko rwake upenyu hwenyu nenzira dzenyu dzose.
24 Naizvozvo akatumira ruoko rwakanyora zvakanyorwa.

25 "Izvi ndizvo zvakanyorwa:
mene, mene, tekere, ufasini.
26 "Hezvino zvinoreva mashoko aya:

"*Mene*: Mwari akaverenga mazuva okutonga kwenyu akaagumisa.
27 *Tekere*: Makayerwa pachiyero mukawanikwa makareruka.
28 *Peresi*: Umambo hwenyu hwakakamuraniswa hukapiwa vaMedhia navaPezhia."

29 Ipapo Bherishazari akarayira kuti Dhanieri ashongedzwe nguo dzepepuru, ketani yegoridhe ikaiswa pamutsipa wake, zvikaziviswa kuti akanga ava mutongi wapamusoro wechitatu muumambo.
30 Usiku ihwohwo Bherishazari, mambo wavaBhabhironi akaurayiwa,
31 Dhariasi muMedhia akatora umambo ane makore makumi matanhatu namaviri.

# 6

### *Dhanieri muGomba reShumba*
1 Zvakafadza Dhariasi kugadza machinda zana namakumi maviri kuti vatonge muushe hwose,
2 navakuru vatatu vaiva pamusoro pavo, mumwe wavo akanga ari Dhanieri. Machinda aitsanangura zvose pamusoro pemabasa avo kwavari kuti mambo arege kurasikirwa.
3 Zvino Dhanieri akagona akakunda vakuru namachinda mumaitiro ake aishamisa zvokuti mambo akaronga kumugadza kuti ave pamusoro poumambo hwose.

4 Ipapo, vakuru namachinda vakaedza kutsvaka mhosva yavangapomera
Dhanieri pamusoro pokufambisa kwake mabasa ehurumende, asi havana
chavakagona kuwana. Havana kuwana uori maari, nokuti akanga akaten-
deka uye pasina uori kana kushaya hanya maari. 5 Pakupedzisira varume
ava vakati, "Hatingambowani hwaro hwokupomera Dhanieri mhosva
kunze kwechinhu chine chokuita nezvomurayiro waMwari wake."

6 Saka vakuru namachinda vakaenda vose pamwe chete kuna mambo
vakandoti, "Haiwa Mambo Dhariasi, raramai nokusingaperi! 7 Vakuru
voushe vatariri, machinda, navapangi vamazano uye vabati vakaten-
derana vose kuti mambo ngaateme chirevo nokusimbisa chirevo kuti
ani naani anonyengetera kuna mwari upi zvake kana munhu pakati
pamazuva makumi matatu, kunze kwokwamuri imi mambo, achakandwa
mugomba reshumba. 8 Zvino, imi mambo isai chirevo uye muchinyore
kuitira chirege kushandurwa zvinoenderana nemirayiro yavaMedhia
navaPezhia, usingagoni kushandurwa." 9 Saka Mambo Dhariasi akanyora
chirevo.

10 Zvino Dhanieri akati anzwa kuti chirevo chakanga chaziviswa,
akaenda muimba yake yapamusoro yaiva namawindo akanga akatarira
kuJerusarema. Akapfugama namabvi ake akanyengetera katatu pazuva,
achivonga kuna Mwari wake, sezvaaisiita. 11 Ipapo varume ava vakaenda
vose pamwe chete vakawana Dhanieri achinyengetera, achikumbira
kubatsirwa naMwari. 12 Saka vakaenda kuna mambo vakataura naye
pamusoro pechirevo chake choushe vachiti, "Ko, hamuna kuzivisa here
chirevo chokuti pakati pamazuva makumi matatu anotevera, ani naani
anonyengetera kuna mwari kana munhu upi kunze kwokwamuri, imi
mambo, achakandwa mugomba reshumba?"

Mambo akapindura akati, "Chirevo chakadaro chiripo, chinoenderana
nomurayiro wavaMedhia navaPezhia, usingagoni kushandurwa."

13 Ipapo vakati kuna mambo, "Dhanieri, mumwe wavakatapwa vak-
abva Judha, haakuteererei, imi mambo, kana kuchirevo chamakatema
norunyoro rwenyu. Achiri kunyengetera katatu pazuva." 14 Mambo akati
anzwa izvi, akatambudzika zvikuru; akanga achida kurwira Dhanieri uye
akaedza nzira dzose dzokumuponesa kusvikira kwadoka.

15 Ipapo varume vakaenda vose pamwe chete kuna mambo vakati
kwaari, "Rangarirai imi mambo, kuti maererano nomurayiro wavaMedhia
navaPezhia, hakuna chirevo kana mutemo unopiwa namambo unogona
kushandurwa."

16 Saka mambo akarayira, akauyisa Dhanieri ndokumukanda mugomba
reshumba. Mambo akati kuna Dhanieri, "Mwari wako, waunoramba
uchishumira, ngaakurwire!"

17 Vakauyisa ibwe vakariisa pamusoro pomuromo wegomba, mambo
ndokurisimbisa nechisimbiso chake uye nezvisimbiso zvamakurukota ake,
kuitira kuti mamiriro aDhanieri arege kushandurwa. 18 Ipapo mambo
akadzokera kumuzinda wake akavata usiku hwose asina kudya uye
hakuna chinhu chipi chaivaraidza chakauyiswa kwaari. Uye akashayiwa
hope.

19 Panguva dzamambakwedza, mambo akamuka akamhanyira kugomba
reshumba. 20 Akati aswedera pagomba, akadanidzira kuna Dhanieri
nenzwi rokuchema achiti, "Dhanieri, iwe muranda waMwari mupenyu,
Mwari wako, iye waunoshumira nguva dzose, agona kukurwira pa-
muromo weshumba here?"

21 Dhanieri akapindura akati, "Imi mambo, raramai nokusingaperi!
22 Mwari wangu akatuma mutumwa wake, akadzivira miromo yeshumba.
Hadzina kundikuvadza, nokuti ndakawanikwa ndisina mhosva pamberi
pake. Uye handina kumboita chinhu chakaipa pamberi penyu, imi
mambo."

23 Mambo akafara zvikuru akarayira kuti Dhanieri abudiswe mugomba.
Uye Dhanieri akati abudiswa mugomba, hakuna vanga rakawanikwa
paari, nokuti akanga avimba naMwari wake.

24 Mambo akarayira kuti varume vakanga vapomera Dhanieri varwiswe,
uye kuti vakandwe mugomba reshumba, pamwe chete navakadzi vavo
navana vavo. Uye vasati vasvika pasi pegomba, shumba dzakavakurira
dzikapwanya mapfupa avo ose.

25 Ipapo Mambo Dhariasi akanyorera vanhu vose, nendudzi dzose
navanhu vemitauro yose panyika yose achiti:

"Mubudirire zvikuru kwazvo!

26 "Ndinotema chirevo chokuti munzvimbo dzose dzoumambo
hwangu vanhu vanofanira kutya Mwari waDhanieri uye vamure-
mekedze.

"Nokuti ndiye Mwari mupenyu,
anogara nokusingaperi;
umambo hwake hahungaparadzwi,
ushe hwake hahutongogumi.
27 Anorwira uye anoponesa;
anoita zviratidzo nezvishamiso
mudenga napamusoro penyika.
Akarwira Dhanieri
pasimba reshumba."

28 Saka Dhanieri akabudirira pamazuva okutonga kwaDhariasi noku-
tonga kwaSirasi muPezhia.

# 7

### *Dhanieri anorota Mhuka Ina*

1 Mugore rokutanga ramambo Bherishazari, mambo weBhabhironi,
Dhanieri akarota hope, uye akaona zviratidzo mumusoro make paakanga
avete pamubhedha wake. Akanyora zvose zvaakarota.

2 Dhanieri akati, "Muchiratidzo changu usiku, ndakatarira, uye hapo
pamberi pangu pakanga pane mhepo ina dzokudenga dzaibvongodza
gungwa guru.
3 Mhuka huru ina, dzisina kufanana dzakabuda kubva
mugungwa.

4 "Yokutanga yakanga yakaita seshumba, uye yakanga ina mapapiro
egondo. Ndakatarisa kusvikira mapapiro ayo abviswa uye ikasimudzwa
kubva pasi zvokuti yakamira namakumbo maviri somunhu, uye yakapiwa
mwoyo womunhu.

5 "Uye hapo pamberi pangu pakanga pane mhuka yechipiri, yakanga
yakafanana nebere. Yakanga yakasimudzwa kuno rumwe rutivi rwayo,
uye yakanga yakaruma mbabvu nhatu mumuromo mayo. Yakanzi,
'Simuka udye nyama yako ugute!'

6 "Shure kwaizvozvo, ndakatarisa, uye hapo pamberi pangu pakanga
pane imwe mhuka, yakanga yakafanana neingwe. Uye yakanga ina
mapapiro mana akaita seeshiri kumusana kwayo. Mhuka iyi yakanga ine
misoro mina, uye yakapiwa simba rokutonga.

7 “Shure kwaizvozvo, ndakatarisa muchiratidzo changu usiku, uye hapo
pamberi pangu pakanga pane mhuka yechina, yaityisa uye yaivhundutsa,
uye ine simba guru. Yakanga ina meno makuru esimbi; yakapwanya
ikadya nyama yayo uye ikatsika-tsika namakumbo ayo zvose zvakanga
zvasara. Yakanga yakasiyana nedzimwe mhuka dzose dzakare, uye
yakanga ine nyanga gumi.

8 “Ndichiri kufunga pamusoro penyanga, hapo pamberi pangu pakanga
pava norumwe runyanga, ruduku rwakabuda pakati padzo; uye dzimwe
nyanga nhatu dzokutanga dzakadzurwa pamberi parwo. Runyanga
urwu rwakanga runa meso akafanana nameso omunhu uye nomuromo
waitaura zvokuzvikudza.

9 “Ndichakatarisa,
“zvigaro zvoushe zvakagadzikwa,
uye Iye Wamazuva Akare akagara pachigaro chake.
Nguo dzake dzakanga dzakachena sechando;
bvudzi romusoro wake rakanga rakachena sewuru.
Chigaro chake chainganduma nomoto,
uye mavhiri acho ose aipfuta.
10 Rwizi rwomoto rwaiyerera,
ruchibuda pamberi pake.
Zviuru nezviuru zvakanga zvichimushandira;
zviuru gumi zvakapetwa kanokwana gumi zvakamira pamberi pake.
Dare rakagara pasi,
mabhuku ndokuzarurwa.

11 “Ipapo ndakaramba ndakatarira nokuda kwamashoko okuzvikudza
akanga achitaurwa norunyanga. Ndakaramba ndakatarira kusvikira
mhuka iyi yaurayiwa uye muviri wayo waparadzwa ikakandwa mumoto
waipfuta. 12 Kana dziri dzimwe mhuka dzakanga dzatorerwa simba radzo,
asi dzakatenderwa kurarama kwechinguva.

13 “Ndakatarisa pachiratidzo changu usiku, uye hapo pamberi pangu
pakanga pano mumwe akaita somwanakomana womunhu, akanga achi-
uya namakore okudenga. Akaenda kuna Wamazuva Akare akasvitswa
pamberi pake. 14 Akapiwa simba, kubwinya nesimba roushe; vanhu vose,
ndudzi dzose uye vanhu vemitauro yose vakamunamata. Ushe hwake
hunogara nokusingaperi husingatongopfuuri, uye umambo hwake ndihwo
husingazomboparadzwi.

### *Kududzirwa kwoKurota*

15 “Ini Dhanieri ndakatambudzika mumweya wangu, uye zviratidzo
zvakasvika mumusoro mangu zvakanditambudza. 16 Ndakaenda kuno
mumwe wavakanga vakamirapo ndikamubvunza chaizvo zvaireva izvi
zvose.

“Saka akandiudza ndokundidudzira zvinhu izvi, achiti, 17 ‘Mhuka
huru ina ndidzo umambo huna huchamuka panyika. 18 Asi vatsvene
veWokumusoro-soro vachapiwa umambo uhu uye huchava hwavo
nokusingaperi, hongu nokusingaperi-peri.’

19 “Ipapo ndakada kuziva chokwadi chezvinoreva mhuka yechina,
yakanga yakasiyana nedzimwe dzose uye yaityisa kwazvo, namazino
ayo esimbi nenzara dzendarira, mhuka yakapwanya ikadya nyama uye
ikatsika-tsika namakumbo ayo zvose zvakanga zvasara. 20 Ndakadawo
kuziva pamusoro penyanga gumi dzakanga dziri pamusoro wayo uye na-
pamusoro porumwe runyanga rwuya rwakabuda, dzimwe dzacho nhatu
dzikawa pamberi payo, runyanga rwuya rwainyanya kuva nomukundo

kupfuura dzimwe, uye rwakanga runa meso uye nomuromo waitaura
mashoko okuzvikudza. [21] Ndichakatarisa, runyanga urwu rwakanga
ruchirwa hondo navatsvene ruchivakunda, [22] kusvikira Iye Wamazuva
Akare asvika akaruramisira vatsvene veWokumusoro-soro, uye nguva
ikasvika yavakatora umambo.

[23] "Akandipa tsananguro iyi achiti, 'Mhuka yechina ndiyo umambo
hwechina huchaonekwa panyika. Huchasiyana nohumwe umambo uye
huchaparadza nyika yose, huchiitsika-tsika huchiiparadza. [24] Nyanga
gumi ndidzo madzimambo gumi achabva kuumambo uhu. Shure kwavo
kuchamuka mumwe mambo, akasiyana navaya vokutanga; achakunda
madzimambo matatu. [25] Achataura zvinorwisana neWokumusoro-soro
achimanikidza vatsvene vake, uye achaedza kushandura nguva dza-
katarwa nemirayiro. Vatsvene vachaiswa kwaari kwechinguva, nedzimwe
nguva nehafu yenguva.

[26] " 'Asi dare richagara, uye simba rake richatorwa rigoparadzwa
zvachose nokusingaperi. [27] Ipapo simba roumambo, simba noukuru
hwoumambo pasi pedenga rose richapiwa kuvatsvene, ivo vanhu
veWokumusoro-soro. Umambo hwake huchava hwokusingaperi, vatongi
vose vachamunamata uye vachamuteerera.'

[28] "Aya ndiwo magumo enyaya. Ini, Dhanieri, ndakatambudzika
zvikuru nepfungwa dzangu, uye uso hwangu hwakatsvukuruka, asi
ndakachengeta nyaya iyi mumwoyo mangu."

# 8

### *Chiratidzo chaDhanieri cheGondobwe neMbudzi*

[1] Mugore rechitatu rokutonga kwaMambo Bherishazari, ini, Dhanieri,
ndakaona nechiratidzo, shure kwechimwe chandakanga ndamboona kare.
[2] Muchiratidzo changu, ndakazviona ndiri munhare yeShushani munyika
yeEramu, muchiratidzo imomo, ndakanga ndiri parutivi rwoMugero
weUrai. [3] Ndakatarisa kumusoro, ndokuona hapo pamberi pangu
pakanga pane gondobwe raiva nenyanga mbiri, rakamira parutivi
rwomugero, uye nyanga dzacho dzakanga dzakareba. Rumwe run-
yanga rwakanga rwakareba kupfuura rumwe asi ndirwo rwakamera
mumashure. [4] Ndakatarira gondobwe parakanga richitunga rakananga
kumavirira nokumusoro nezasi. Hakuna mhuka yaigona kumisidzana
naro, uye hakuna aigona kununura kubva pasimba raro. Raiita zvaraida
uye rikava guru.

[5] Ndakati ndichifunga pamusoro peizvi, pakarepo nhongo yakanga ine
runyanga rukuru pakati pameso ayo yakabva kumavirira, ichidarika
napanyika yose isingatsiki pasi. [6] Yakauya yakananga kugondobwe raiva
nenyanga mbiri randakanga ndaona rimire parutivi rwomugero ndoku-
ritunga zvine hasha kwazvo. [7] Ndakaiona ichirwisa gondobwe nehasha
kwazvo, ikaritunga ndokuvhuna nyanga dzaro mbiri. Gondobwe rakanga
risina simba rokurwisana nayo; nhongo yakariwisira pasi ikaritsika-
tsika, uye hakuna akagona kununura gondobwe pasimba rayo. [8] Nhongo
yakava huru kwazvo, asi yakati yasimba kwazvo, runyanga rwayo rukuru
rwakavhunika, uye panzvimbo yarwo pakamera dzimwe nyanga ina
dzakasimba dzakananga kumhepo ina dzokudenga.

[9] Pano rumwe runyanga pakabuda rumwe runyanga, rwakatanga rwuri
ruduku asi rwakakura musimba kurutivi rwezasi uye nechokumabvazuva
uye rwakananga kuNyika Yakaisvonaka. [10] Rwakakura kusvikira rwasvika

kuhondo dzokudenga, uye rukakanda dzimwe nyeredzi panyika pasi
ndokudzitsika-tsika. [11] Rwakazvikudza kuti rukure soMuchinda wehondo,
rwakabvisa zvibayiro zvezuva nezuva kubva kwaari, uye nzvimbo yeimba
yake tsvene ikaputsirwa pasi. [12] Nokuda kwokumukira, hondo yavatsvene
uye chibayiro chamazuva ose zvakapiwa kwarwuri. Rwakabudirira pane
zvose zvarwaiita, uye chokwadi chikakandirwa pasi.

[13] Ipapo ndakanzwa mumwe mutsvene achitaura, uye mumwe
mutsvene akati kwaari, "Zvichatora nguva yakadini kuti chiratidzo
chizadziswe, chiratidzo pamusoro pechibayiro chamazuva ose, kumukira
kunokonzera kuparadzwa, uye kusiyiwa kwenzvimbo tsvene nehondo
zvichatsikwa-tsikwa pasi petsoka?"

[14] Akati kwandiri, "Zvichatora madekwana namangwanani ane zviuru
zviviri zvina mazana matatu; ipapo nzvimbo tsvene ichanatswazve."

### *Kududzirwa kweChiratidzo*

[15] Ini, Dhanieri, pandakanga ndichakatarira chiratidzo ndichiedza kuch-
inzwisisa, ndakaona hapo pamberi pangu mumwe akanga achiratidzika
somunhu. [16] Uye ndakanzwa inzwi romunhu richibva kuUrai richidana
richiti, "Gabhurieri, taurira munhu uyu zvinoreva chiratidzo."

[17] Paakaswedera panzvimbo yandakanga ndimire, ndakatya ndikawira
pasi nechiso changu. Iye akati kwandiri, "Mwanakomana womunhu,
nzwisisa kuti chiratidzo ichi ndechenguva yokupedzisira."

[18] Paakanga achataura neni, ndakabatwa nehope huru kwazvo, chiso
changu chakatarira pasi. Ipapo akandibata akandisimudza ndikamira
netsoka dzangu.

[19] Akati, "Ndichakuzivisa zvichaitika pakupedzisira munguva yehasha,
nokuti chiratidzo ndechenguva yakatarwa yokupedzisira. [20] Gondobwe
rine nyanga rawakaona rinomirira madzimambo eMedhia nePezhia.
[21] Nhongo ine mvere dzakamvirimvinyika ndiyo mambo weGirisi, uye run-
yanga rukuru rwuri pakati pameso ndirwo mambo wokutanga. [22] Nyanga
ina dzakatsiva ruya rwakavhunika dzinomirira ushe una huchabuda
murudzi rwake asi hahuzovi nesimba rakaenzana.

[23] "Panguva yokupedzisira yokutonga kwavo, vapanduki
pavachanyanya kuipa, mambo ane chiso chakaomarara, mukuru wouipi,
achamuka. [24] Achava nesimba kwazvo, asi risiri simba rake chairo.
Achakonzera kuparadzwa kunoshamisa uye achabudirira pane zvose
zvaanoita. Achaparadza varume vane simba navanhu vatsvene. [25] Achaita
kuti kunyengera kubudirire, uye achazviona somunhu wapamusoro.
Achaparadza vazhinji pavanofunga kuti vagarika uye achamukirawo
Muchinda wamachinda. Asi zvazvo achazoparadzwa, asi kwete nesimba
romunhu.

[26] "Chiratidzo chamadekwana nechamagwanani chakapiwa kwauri
ndechechokwadi, asi vanza chiratidzo icho, nokuti ndechenguva inouya."

[27] Ini, Dhanieri, ndakapera simba ndikarwara kwamazuva mazhinji.
Ipapo ndakamuka hangu ndikandobata basa ramambo. Ndakatyiswa
nechiratidzo; chakanga chisinganzwisisike.

# 9

### *Munyengetero waDhanieri*

[1] Mugore rokutanga raDhariasi mwanakomana waAhasuerasi (chiz-
varwa cheMedhia), uyo akaitwa mutongi pamusoro poumambo hwav-
aBhabhironi, [2] mugore rokutanga rokutonga kwake, ini Dhanieri,

ndakanzwisisa kubva muMagwaro, sezvakataura shoko raJehovha
rakapiwa kuna Jeremia muprofita, kuti Jerusarema richagara riri dongo
kwamakore makumi manomwe. [3] Saka ndakatendeukira kuna Ishe
Mwari ndikamukumbira mukunyengetera nokuteterera, ndichitsanya,
uye ndikafuka nguo dzamasaga namadota.

[4] Ndakanyengetera kuna Jehovha Mwari wangu ndikareurura ndichiti:

"Haiwa Ishe, Mwari mukuru anotyisa, iye anochengeta sungano yake
yorudo navose vanomuda uye vanoteerera mirayiro yake, [5] takatadza
tikaita zvakaipa. Takaita zvinhu zvakaipa uye takakumukirai; takat-
sauka tikava kure nemitemo nemirayiro yenyu. [6] Hatina kuteerera
varanda venyu vaprofita, vakataura muzita renyu kumadzimambo,
machinda edu namadzibaba edu, uye nokuvanhu vose venyika.

[7] "Ishe, imi makarurama, asi nhasi takafukidzwa nenyadzi, vanhu
veJudha navanhu veJerusarema navaIsraeri vose, vari pedyo navose
vari kure, munyika dzose kwamakatiparadzira nokuda kwokusatendeka
kwedu kwamuri. [8] Haiwa Jehovha, isu namadzimambo edu, machinda
edu namadzibaba edu takafukidzwa nenyadzi nokuti takakutadzirai.
[9] Ishe Mwari wedu ndiye ane ngoni uye anokanganwira, kunyange
dai takamumukira. [10] Hatina kuteerera Jehovha Mwari wedu kana
kuchengeta mirayiro yaakatipa kubudikidza navaranda vake vaprofita.
[11] VaIsraeri vose vakadarika murayiro wenyu ndokutsauka, vachiramba
kukuteererai imi.

"Naizvozvo kutukwa nokutonga kwaakapika kwakanyorwa mumu-
rayiro waMozisi, muranda waMwari, zvakadururirwa pamusoro pedu,
nokuti takakutadzirai imi. [12] Makazadzisa mashoko akataurwa pa-
musoro pedu napamusoro pamadzishe edu nokuuyisa pamusoro pedu
njodzi huru. Hakuna kumbova nechinhu chakaitwa pasi pedenga
rose chakafanana nezvakaitwa paJerusarema. [13] Sezvazvakanyorwa
muMurayiro waMozisi, njodzi iyi yose yakawira pamusoro pedu,
kunyange zvakadaro hatina kutsvaka nyasha dzaJehovha Mwari wedu
nokutendeuka kubva pazvivi zvedu tichiteerera chokwadi chenyu.
[14] Jehovha haana kunonoka kuuyisa njodzi pamusoro pedu, nokuti
Jehovha Mwari wedu akarurama pazvinhu zvose zvaanoita; asi hatina
kumuteerera.

[15] "Zvino, imi Ishe Mwari wedu, makabudisa vanhu venyu kubva
muIjipiti noruoko rune simba uye mukazviitira zita rinogara kusvikira
iye nhasi, takatadza, takaita zvakaipa. [16] Haiwa Ishe, dzorai kutsamwa
kwenyu nehasha dzenyu kubva paJerusarema, guta renyu nechikomo
chenyu chitsvene, nokuda kwamabasa enyu ose akarurama. Zvivi zvedu
nezvakaipa zvamadzibaba edu zvakaita kuti Jerusarema nevanhu zvive
chinhu chinosekwa neavo vose vakatipoteredza.

[17] "Zvino, imi Mwari wedu, inzwai minyengetero nemikumbiro
yomuranda wenyu. Haiwa Ishe, nokuda kwenyu, mutarire nenyasha
pamusoro petemberi yenyu yakaparara. [18] Rerekai nzeve yenyu imi
Mwari, uye munzwe; zarurai meso enyu muone kuparadza kweguta
rakatumidzwa Zita renyu. Hatikumbiri kwamuri nokuda kwokuti
takarurama, asi nokuda kwenyasha dzenyu huru. [19] Haiwa Ishe, inzwai!
Haiwa Ishe kanganwirai! Haiwa Ishe, inzwai muite! Haiwa Mwari
wangu, nokuda kwenyu musanonoka, nokuti vanhu venyu neguta renyu
vakatumidzwa Zita renyu."

### *Vhiki Makumi Manomwe*

[20] Pandakanga ndichitaura uye ndichinyengetera, ndichireurura chivi
changu nechivi chavanhu vangu vaIsraeri ndichiisa chikumbiro changu
kuna Jehovha Mwari wangu nokuda kwechikomo chake chitsvene,
[21] ndichiri pakunyengetera, Gabhurieri, murume wandakanga ndaona
muchiratidzo changu chokutanga, akasvika pandiri achibhururuka
kwazvo nenguva inenge yechibayiro chamadekwana. [22] Akandirayira uye
akati kwandiri, "Dhanieri, ndauya zvino kuzokupa njere nokunzwisisa.
[23] Pawakangotanga kunyengetera, mhinduro yakabva yapiwa, ndiyo yan-
dauya kuzokuudza, nokuti iwe unokudzwa kwazvo. Naizvozvo rangarira
shoko iri uye unzwisise chiratidzo:

[24] "Vhiki makumi manomwe dzakatemerwa vanhu vako uye neguta rako
dzvene kuti vapedze kudarika kwavo, varege kutadza, kana kuyanana nez-
vakaipa, vauye nokururama kusingaperi, kusimbisa chiratidzo nechiprof-
ita nokuzodza iye mutsvene-tsvene.

[25] "Uzive uye unzwisise izvi: Kubva pakupiwa kwechirevo choku-
vandudza nokuvaka Jerusarema kusvikira Muzodziwa, iye mutongi,
auya, kuchava nevhiki nomwe uye vhiki makumi matanhatu nembiri.
Richavakwa rine migwagwa uye nomugero, asi munguva dzokutam-
budzika. [26] Shure kwevhiki makumi matanhatu nembiri, Muzodziwa ach-
agurwa uye achashaya chinhu. Vanhu vomutongi vachasvika vagoparadza
guta nenzvimbo tsvene. Kuguma kuchauya sokudira kwemvura. Hondo
icharamba iripo kusvikira kumagumo, uye kuparadzwa kwakatemwa
kare. [27] Achasimbisa sungano navazhinji kwevhiki imwe. Pakati
pevhiki achagumisa chibayiro nechipiriso. Uye pano rumwe rutivi
rwetemberi achaisa chinyangadzo chinokonzera kuparadzwa, kusvikira
kuguma kwakatemwa kwadururirwa pamusoro pake."

# 10

*Chiratidzo choMunhu chakaonekwa naDhanieri*

[1] Mugore rechitatu ramambo Sirasi wePezhia, Dhanieri (iye ainzi
Bheriteshazari) akazarurirwa. Shoko racho rakanga riri rechokwadi uye
raireva kurwa kukuru. Akanzwisisa shoko iri nechiratidzo.

[2] Panguva iyo, ini, Dhanieri ndakachema kwevhiki nhatu. [3] Handina
kudya zvokudya zvakanaka; kunyange nyama kana waini hazvina kusvika
pamuromo wangu; uye handina kana kuzora mafuta kusvikira vhiki nhatu
dzapera.

[4] Pazuva ramakumi maviri namana romwedzi wokutanga, pandaiva
ndimire pamhenderekedzo yorwizi rukuru, irwo Tigirisi, [5] ndakatarisa ku-
musoro uye hapo pamberi pangu pakanga pane murume akanga akapfeka
nguo dzakaisvonaka, nebhanhire regoridhe rakanatswa muchiuno chake.
[6] Muviri wake wakanga wakaita sekirisoreti, chiso chake chichipenya
semheni, meso ake aipfuta somwenje, maoko ake namakumbo ake
zvichivaima sendarira yakakweshwa, uye inzwi rake rakanga rakafanana
nokutinhira wavazhinji.

[7] Ini, Dhanieri, ndini ndoga chete ndakaona chiratidzo; varume
vakanga vaneni havana kuchiona, asi kutyisa kwakadai kwakavavhun-
dutsa zvokuti vakatiza vakandovanda. [8] Saka ndakasiyiwa ndiri ndoga,
ndakatarira kuchiratidzo ichi chikuru; ndakanga ndisisina simba, chiso
changu chakashanduka chikatsvukuruka uye ndakanga ndapererwa.
[9] Ipapo ndakamunzwa achitaura, uye pandakanga ndakateerera kwaari,
ndakabatwa nehope huru, ndikatsikitsira pasi.

10 Ruoko rwakandibata rukandiita kuti ndidedere pamaoko angu
namabvi. 11 Iye akati kwandiri, “Dhanieri, iwe unokudzwa zvikuru,
chichengeta zvikuru mashoko andava kutaura kwauri, uye usimuke,
nokuti zvino ndatumwa kwauri.” Zvino paakareva izvi kwandiri,
ndakasimuka ndichidedera.

12 Ipapo akaenderera mberi akati, “Usatya, Dhanieri. Kubva pazuva
rawakafunga kuwana kunzwisisa nokuzvininipisa pamberi paMwari
wako, mashoko ako akanzwika, uye ini ndauya nemhinduro. 13 Asi
muchinda woumambo hwavaPezhia akandidzivisa mazuva makumi
maviri nerimwe apfuura. Ipapo Mikaeri, mumwe mukuru wamachinda,
akauya kuzondibatsira, nokuti ndakanga ndakavharidzirwa ikoko na-
mambo wavaPezhia. 14 Zvino ndauya kuzokutsanangurira zvichaitika ku-
vanhu vako pamazuva anouya, nokuti chiratidzo ndechenguva ichauya.”

15 Achiri kutaura izvi kwandiri, ndakakotama ndakatsikitsira pasi
ndikashaya chokutaura. 16 Ipapo mumwe akanga akafanana nomunhu
akabata muromo wangu, ini ndikashamisa muromo wangu ndokutanga
kutaura. Ndakati kune akanga amire pamberi pangu, “Ini ndabatwa
nokurwadziwa nokuda kwechiratidzo, ishe wangu, uye ndapererwa.
17 Ndingataura sei nemi, ini muranda wenyu, ishe wangu? Simba rangu
rapera uye handichakwanisi kufema.”

18 Zvakare, mumwe akanga akafanana nomunhu akandibata akandipa
simba. 19 Akati, “Usatya, iwe munhu anokudzwa zvikuru. Rugare! Iva
nesimba zvino, simba.”

Paakataura neni, ndakabva ndasimba ndikati, “Taurai Ishe wangu,
sezvo mandipa simba.”

20 Saka akati, “Unoziva here zvandavinga kwauri? Ndichadzokera
nokukurumidza kundorwa nomuchinda wePezhia, uye kana ndaenda,
muchinda weGirisi achauya; 21 asi chokutanga ndichakuudza zvakany-
orwa muBhuku reZvokwadi. Hakuna anonditsigira kundorwa navo kunze
kwaMikaeri, muchinda wako.

# 11

1 Uye mugore rokutanga raDhariasi muMedhia, ini ndakasimuka kuti
ndimutsigire uye ndimudzivirire.

### *Madzimambo eZasi neoKumusoro*

2 “Zvino ipapo, ndinokuudza chokwadi: Mamwezve madzimambo
matatu achamuka muPezhia, uye ipapozve mumwe wechina, achava
akapfuma kupfuura vamwe vose. Paachava nesimba nokuda kwepfuma
yake, achamutsa vamwe vose kuzorwa noumambo hweGirisi. 3 Ipapo
mambo ane simba achamuka, uyo achatonga nesimba guru nokuita
sezvaanoda. 4 Shure kwokuonekwa kwake, ushe hwake huchatsemuka
hugogoverwa kumhepo ina dzedenga.

5 “Mambo weZasi achava neimba, asi mumwe wavakuru vake ve-
hondo achava nesimba kupfuura iye uye achatonga muumambo hwake
amene nesimba guru. 6 Shure kwamamwe makore, vachazobatana.
Mwanasikana wamambo weZasi achaenda kuna mambo woKumusoro
kuti anoita sungano, asi mwanasikana uyu haangarambi ane simba
rake, uye iye mambowo nesimba rake zvichaguma. Mumazuva iwayo
mwanasikana acharaswa, pamwe chete navanomurinda nababa vake uye
naiye anomutsigira.

7 "Mumwe anobva mumhuri yake achamuka kuti atore nzvimbo yake.
Acharwisa mauto amambo woKumusoro agopinda munhare yake; iye
acharwa navo agovakunda. 8 Achatapawo vamwari vavo, zvifananidzo
zvavo zvesimbi nezvinhu zvavo zvinokosha zvesirivha negoridhe agozvi-
takura achienda nazvo kuIjipiti. Achazosiya mambo woKumusoro ari
oga kwamakore. 9 Ipapo mambo woKumusoro acharwisa umambo
hwamambo weZasi asi achizodzokera hake kunyika yake. 10 Vanakomana
vake vachagadzirira kurwa uye vachaunganidza hondo huru, ichakukura
samafashamu emvura ane simba vagorwa kusvikira kunhare yake.

11 "Ipapo mambo weZasi achafora akatsamwa kwazvo kuti azorwisa
mambo woKumusoro, uyo achamutsa hondo huru, asi ichizokundwa.
12 Kana varwi vaendwa navo, weZasi achazara nokuzvikudza uye achau-
raya zviuru zvizhinji, asi zvazvo haazorambi achikunda. 13 Nokuti mambo
woKumusoro achaumba imwe hondo, yakakura kupfuura yokutanga; uye
shure kwamakore mazhinji, achaenda kundorwa ane hondo huru huru
yakashongedzwa zvakakwana.

14 "Munguva idzodzo vazhinji vachamukira mambo weZasi. Varume
vechisimba pakati pavanhu vokwako vachakumukira kuti chiratidzo
chizadziswe, asi havangakundi. 15 Ipapo mambo woKumusoro achauya
agovaka mirwi yokurwisa uye achapamba guta rakakomberedzwa, Mauto
eZasi achashaya simba rokuzvidzivirira; kunyange mapoka emhare dzavo
achashaya simba rokumira. 16 Mupambi achaita zvaanoda; hakuna
achagona kumisidzana naye. Achazvisimbisa muNyika Yakaisvonaka
uye achava nesimba rokuiparadza. 17 Achashingaira kuti auye navane
simba voumambo hwake hwose uye achabatana namambo weZasi. Uye
achamupa mwanasikana wake kuti amuwane kuitira kuti aparadze
umambo, asi urongwa hwake hahuzobudiriri kana kumubatsira. 18 Ipapo
acharinzira chiso chake kuzviwi agotora zvizhinji zvacho, asi mukuru
wamauto achagumisa kuzvidza kwake uye agodzorera kuzvidzwa kwake
kwaari amene. 19 Shure kwaizvozvo, achadzokera akananga kunhare
dzenyika yake asi achagumburwa ndokuwa, akasazoonekwazve.

20 "Anomutevera achatumira muteresi kuti achengetedze mbiri
youmambo. Zvisinei hazvo, shure kwamakore mashoma, iye acha-
paradzwa, zvisingaitwi mukutsamwa kana muhondo.

21 "Achatsiviwa nomunhu anozvidzwa asina kumbopiwa rukudzo
rwoumambo. Iye achapamba umambo panguva iyo vanhu vanenge
vakadekara, uye achahubvuta nenzira yokubata kumeso. 22 Ipapo hondo
huru ichakukurwa pamberi pake; zvose iye nomuchinda wesungano
zvichaparadzwa. 23 Shure kwokuita chibvumirano naye, achaita zvinhu
zvounyengeri, uye navanhu vashoma chete achatora chigaro chokutonga.
24 Matunhu akapfuma paanenge adekara, acharwisa uye achakwanisa
kuita zvisina kumboitwa namadzibaba ake kana madzitateguru ake.
Achagovera zvaakapamba, zvaakatora nebipitira nepfuma, pakati pa-
vanhu vake. Achaita rangano yokuparadza nhare, asi kwechinguva chete.

25 "Nehondo huru achamutsa simba rake nokushinga kwake kuti arwise
mambo weZasi. Mambo weZasi acharwa naye nehondo huru kwazvo
uye hondo ine simba kwazvo, asi haazogoni kumira nokuda kwamano
aakarongerwa. 26 Vaya vanodya zvokudya zvamambo vachaedza kumu-
paradza; hondo yake ichakukurwa, uye vazhinji vachafa muhondo.
27 Madzimambo maviri, vane mwoyo yavo yakakombamira pane zvakaipa,

vachagara patafura imwe chete vachireverana nhema, asi pasina zvazvi-
nobatsira, nokuti kuguma kuchasvika zvakadaro panguva yakatarwa.
28 Mambo woKumusoro achadzokera kunyika yokwake nepfuma zhinji,
asi mwoyo wake uchavenga sungano tsvene. Achairwisa agodzokera
kunyika yokwake.

29 "Panguva yakatarwa acharwisa yeZasi zvakare, asi panguva ino
zvichaitika zvichasiyana napakutanga. 30 Zvikepe zvokuzviwi zvoku-
mavirira zvichamupikisa, uye iye achaora mwoyo. Ipapo achadzokera
kwaabva agondopedzera shungu dzake pamusoro pesungano tsvene.
Achadzokera agondofarira vaya vanorasa sungano tsvene.

31 "Mauto ake akapakata zvombo achasimuka kuti asvibise nhare yetem-
beri uye achadzivisa chibayiro chamazuva ose. Ipapo vachamisa chi-
nonyangadza chinokonzera kuparadzwa. 32 Nokubata kumeso achatsausa
avo vakaputsa sungano asi vanhu vanoziva Mwari wavo vachamudzivisa
kwazvo.

33 "Vakachenjera vachadzidzisa vazhinji, kunyange kwechinguva vac-
hazourayiwa nomunondo kana kupiswa kana kutapwa kana kupambwa.
34 Pavachawa vachagamuchira rubatsiro rushoma shoma, uye vazhinji
vasiri muchokwadi vachabatana navo. 35 Vamwe vakachenjera vach-
agumburwa, kuitira kuti vagonatswa, nokucheneswa uye vave vasina
gwapa kusvikira panguva yokupedzisira, nokuti zvichazongoitika panguva
yakatarwa.

### *Mambo anozvikudza*

36 "Mambo uyu achaita sezvaanoda. Achazvisimudzira uye ac-
hazvikudza pamusoro pavamwari vose uye achataura zvinhu zvisina
kumbonzwikwa pamusoro paMwari wavamwari. Achabudirira kusvikira
nguva yokutsamwa yapera, nokuti zvakatemwa zvinofanira kuitika.
37 Haazovi nehanya navamwari vamadzibaba ake kana nouyo an-
odikanwa navakadzi, uye haangavi nehanya namwari upi zvake, asi
achazvikudza pamusoro pavo vose. 38 Pachinzvimbo chazvo, achakudza
mwari wenhare; achakudza negoridhe nesirivha namatombo anokosha,
nezvipo zvomutengo wapamusoro, mwari akanga asingazivikanwi na-
madzibaba ake. 39 Acharwisa nhare dzakasimbisisa achibatsirwa namwari
wavatorwa uye achakudza zvikuru vaya vanomugamuchira. Achavaita
vabati pamusoro pavanhu vazhinji uye achagovera nyika nomutengo.

40 "Panguva yokupedzisira mambo weZasi acharwisana naye, uye
mambo woKumusoro achamukirana naye nengoro neboka ravarwi
nezvikepe zvizhinji. Acharwisa nyika zhinji agopfuura nomadziri
samafashamu emvura. 41 Acharwisawo Nyika Yakaisvonaka. Nyika
zhinji dzichawa, asi Edhomu, Moabhu, navatungamiri veAmoni vachawira
muruoko rwake. 42 Achaita kuti simba rake risvike pamusoro penyika
zhinji; Ijipiti haingapunyuki. 43 Achava nesimba pamusoro pepfuma
yegoridhe nesirivha uye pfuma yose yeIjipiti, uye vaRibhiya navaNubhia
vachazviisa pasi pake. 44 Asi mashoko anobva kumabvazuva nokumu-
soro achamuvhundutsa, ipapo achabuda nehasha zhinji kundoparadza
nokupedza vazhinji. 45 Achadzika matende ake oushe pakati pamakungwa
pagomo dzvene rakaisvonaka. Asi achasvika kumagumo ake, uye hakuna
achamubatsira.

## 12

### *Nguva Yokupedzisira*

1 “Panguva iyoyo Mikaeri, muchinda mukuru anodzivirira vanhu
vako, achasimuka. Pachava nenguva yenhamo isina kumbovapo kubva
pakuvamba kwendudzi kusvikira zvino. Asi panguva iyoyo vanhu
vako, ani naani ane zita rakanyorwa mubhuku, acharwirwa. 2 Vazhinji
vanovata muguruva renyika vachamuka: vamwe kuupenyu husingaperi,
vamwe kukunyadziswa nokuzvidzwa kusingaperi. 3 Avo vakachenjera
vachapenya sokupenya kwokudenga, uye vanodzorera vazhinji kukuru-
rama, vachapenya senyeredzi nokusingaperi-peri. 4 Asi iwe, Dhanieri,
vhara uye uname mashoko orugwaro kusvikira pamazuva okupedzisira.
Vazhinji vachaenda kwose kwose kuti vawedzere zivo.”

5 Ipapo ini, Dhanieri, ndakatarisa uye hapo pamberi pangu pakanga
pamire vamwe vaviri, mumwe kumhenderekedzo. 6 Mumwe wavo akati
kumurume akanga akapfeka nguo yakaisvonaka, akanga ari pamusoro
pemvura zhinji yorwizi, “Kusvikira riniko zvinhu zvinoshamisa izvi zvisati
zvazadziswa?”

7 Murume akanga akapfeka nguo yakaisvonaka, akanga ari pamusoro
pemvura zhinji yorwizi, akasimudza ruoko rwake rworudyi noruoko
rwake rworuboshwe kudenga, ndikamunzwa achipika naiye anorarama
nokusingaperi, achiti, “Zvichava kwechinguva nedzimwe nguva nehafu
yenguva. Kana simba ravanhu vatsvene rikange raputsanywa, zvinhu
zvose izvi zvichapedziswa.”

8 Ndakanzwa, asi handina kunzwisisa. Saka ndakabvunza ndikati, “Ishe
wangu, zvinhu zvose izvi zvichaguma seiko?”

9 Akapindura akati, “Chienda hako, Dhanieri, nokuti mashoko aya
akavharwa nokunamwa kusvikira panguva yokupedzisira. 10 Vazhinji
vachacheneswa, vasina gwapa, uye vachanatswa, asi vakaipa vacharamba
vakaipa. Hakuna achanzwisisa.

11 “Kubva panguva ichadziviswa chibayiro chamazuva ose nokumiswa
kwechinhu chinonyangadza chinouyisa kuparadzwa, pachava namazuva
chiuru chine zana namakumi mapfumbamwe. 12 Akaropafadzwa uyo
achamirira nokusvika kumagumo amazuva chiuru china mazana matatu
namakumi matatu namashanu.

13 “Asi kana uriwe, enda hako kusvikira kumagumo. Uchazorora, uye
ipapo pamagumo amazuva, iwe uchasimuka kuti ugamuchire mugove
wenhaka yako.”

# HOSEA

1 Shoko raJehovha rakasvika kuna Hosea mwanakomana waBheeri
panguva yokutonga kwaUzia, Jotamu, Ahazi naHezekia, madzimambo
eJudha, napanguva yokutonga kwaJerobhoamu mwanakomana waJe-
hoashi mambo weIsraeri:

*Mukadzi waHosea navana vake*

2 Jehovha paakatanga kutaura kubudikidza naHosea, akati kwaari,
"Enda, unozvitorera mukadzi woufeve navana voufeve nokuti nyika
ine mhosva yokuita ufeve hwakaipisisa nokuti yakabva kuna Jehovha."
3 Naizvozvo akawana Gomeri mwanasikana waDibhiraimu, uye akabata
pamuviri akamuberekera mwanakomana.

4 Ipapo Jehovha akati kuna Hosea, "Mutumidze zita rokuti Jezireeri,
nokuti ndava kuda kuranga imba yaJehu zvino nokuda kwavanhu vakau-
rayiwa paJezireeri, uye ndichagumisa umambo hwaIsraeri. 5 Pazuva iro
ndichavhuna uta hwaIsraeri mumupata weJezireeri."

6 Gomeri akabatazve pamuviri ndokubereka mwanasikana. Ipapo
Jehovha akati kuna Hosea, "Mutumidze zita rokuti Ro-Ruhama, nokuti
handichazoratidzizve rudo kuimba yaIsraeri, kuti nditombovaregerera.
7 Asi ndicharatidza rudo kuimba yaJudha; uye ndichavaponesa, kwete
nouta, munondo kana kurwa, kana namabhiza kana navatasvi vamabhiza,
asi naJehovha Mwari wavo."

8 Mushure mokurumura Ro-Ruhama, Gomeri akaberekazve mumwe
mwanakomana. 9 Ipapo Jehovha akati, "Mutumidze zita rokuti Ro-Ami,
nokuti imi hamusi vanhu vangu, uye ini handisi Mwari wenyu.

10 "Kunyange zvakadaro vaIsraeri vachava sejecha riri
pamahombekombe egungwa, risingabviri kuyerwa kana kuverengwa.
Paya pakanga panzi kwavari, 'Hamuzi vanhu vangu,' vachanzi
'vanakomana vaMwari mupenyu.' 11 Vanhu veJudha navanhu veIsraeri
vachabatanazve, uye vachasarudza mutungamiri mumwe chete uye
vachasimukira panyika, nokuti zuva raJezireeri richava zuva guru.

## 2

1 "Uti kuvanun'una vako, 'Vanhu vangu,' nokuhanzvadzi dzako
'vadikanwa vangu.' "

*Israeri inorangwa uye inodzorwazve*

2 "Tsiurai mai venyu, vatsiurei,
nokuti havasi mukadzi wangu,
uye handisi murume wavo.
Ngavabvise kuonekwa kwoufeve pachiso chavo
nokusatendeka pakati pamazamu avo.
3 Kana zvikasadaro, ndichavabvisa nguo dzose
vagosara vakashama sezvavakanga vakaita musi wavakaberekwa.
Ndichavaita segwenga
ndigovashandura vave nyika yakaoma
uye ndichavauraya nenyota.
4 Handizoratidzi vana vavo rudo,
nokuti vana voufeve.
5 Mai vavo vakanga vasina kutendeka

uye vakavaberekera mune zvinonyadzisa.
Vakati, 'Ndichateverazve vadiwa vangu,
vanondipa zvokudya zvangu nemvura yangu,
makushe angu nomucheka wangu, mafuta angu nezvokunwa zvangu.'
6 Naizvozvo ndichasosera nzira yavo namasanzu eminzwa;
ndichavapfigira mukati morusvingo zvokuti havangawani nzira yavo.
7 Vachadzinganisa vadiwa vavo asi havangavabati;
vachavatsvaka, asi havangavawani.
Ipapo vachati, 'Ndichadzokera kumurume wangu sapakutanga
nokuti ipapo ndaiva nani kupfuura pari zvino.'
8 Havana kuzvibvuma kuti ndini
ndaivapa zviyo, newaini itsva namafuta,
ndini ndakavapa sirivha negoridhe rakawanda
izvo zvavakashandira Bhaari nazvo.

9 "Naizvozvo ndichavatorera zviyo zvangu kana zvaibva,
newaini yangu itsva nenguva yayo.
Ndichatora makushe angu nomucheka wangu
zvaifanira kufukidza kushama kwavo.
10 Saka zvino ndichabudisa pachena unzenza hwavo
pamberi pavadiwa vavo;
hapana achazovatora kubva mumaoko angu.
11 Ndichagumisa kupembera kwavo kwose:
mitambo yavo yose yegore negore, nguva dzoKugara kwoMwedzi,
maSabata avo nemitambo yavo yose yakatarwa.
12 Ndichaparadza mizambiringa yavo nemiti yavo yemionde
yakanga iri muripo waibva kuvadiwa vavo.
Ndichazviita dondo,
uye mhuka dzesango dzichazvidya.
13 Ndichavaranga nokuda kwamazuva
avakapisira zvinonhuhwira kuna Bhaari;
vakazvishonga nemhete nezvishongo,
vakatevera vadiwa vavo,
asi ini vakandikanganwa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

14 "Naizvozvo zvino ndichazovakwezva;
ndichavatungamirira kurenje
ndigotaura zvinyoronyoro kwavari.
15 Ikoko ndichavadzosera minda yavo yemizambiringa
uye ndichaita kuti mupata weAkori uve musuo wetariro.
Ikoko vachaimba sapamazuva oumhandara hwavo,
sapamazuva avakabuda kubva muIjipiti.

16 "Pazuva iro," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"Uchanditi 'murume wangu;'
hauchazonditi 'tenzi wangu.'
17 Ndichabvisa mazita avanaBhaari pamiromo yavo;
havangazodani kumazita avozve.
18 Pazuva iro ndichavaitira sungano
nemhuka dzesango neshiri dzedenga
uye nezvipuka zvinokambaira pasi.
Uta nomunondo nehondo,

ndichazvibvisa panyika
kuti zvose zvivate pasi zvakachengetedzeka.
19 Ndichatsidza kukuwana uve wangu nokusingaperi;
ndichatsidza kukuwana mukururama uye nomukururamisira,
murudo netsitsi.
20 Ndichatsidza kukuwana mukutendeka,
uye uchabvuma kuti ndini Jehovha.

21 "Pazuva iro ndichadavira,"
ndizvo zvinotaura Jehovha,
"ndichadavira kumatenga
uye ivo vachadavira kunyika;
22 nenyika ichadavira kuzviyo,
waini itsva namafuta,
uye izvo zvichadavira kuna Jezireeri.
23 Ndichamusima panyika nokuda kwangu;
ndicharatidza rudo kuno uyo wandakati 'Haasiye wandinoda.'
Ndichati kuna avo vanonzi 'Havasi vanhu vangu,' 'Muri vanhu vangu,'
uye ivo vachati, 'Muri Mwari wangu.' "

# 3

*Hosea anodzokerana nomukadzi wake*

1 Jehovha akati kwandiri, "Enda, unodazve mukadzi wako, kunyange
achidiwa nomumwe uye ari chifeve. Umude sokuda kunoita Jehovha
vaIsraeri, kunyange vachitendeukira kuna vamwe vamwari vachida
makeke akaereswa ane marezini."
2 Saka ndakamutenga namashekeri gumi namashanu* esirivha neinenge
homeri nereteki† rebhari. 3 Ipapo ndakati kwaari, "Unofanira kugara neni
kwamazuva akawanda; haufaniri kuva chifeve kana kudanana nomumwe
murume, uye ndichagara newe."
4 Nokuti vaIsraeri vachagara mazuva mazhinji vasina mambo kana
muchinda, vasina chibayiro, vasina shongwe, efodhi kana chifananidzo.
5 Mushure maizvozvo vaIsraeri vachadzoka vagotsvaka Jehovha Mwari
wavo naDhavhidhi mambo wavo. Vachauya vachidedera kuna Jehovha
nokumaropafadzo ake mumazuva okupedzisira.

# 4

*Israeri inopiwa mhosva*

1 Inzwai shoko raJehovha, imi vaIsraeri,
nokuti Jehovha ane mhosva yaari
kupa kwamuri imi vagere munyika:
"Hapana akatendeka, hapana ane rudo,
hapana anoziva Mwari munyika.
2 Mune kutuka chete, kunyengera nokuuraya,
kuba noupombwe;
vanoparadza zvose zvinovadzivisa,
uye kudeuka kweropa kunotevera kudeuka kweropa.
3 Nokuda kwaizvozvi nyika inochema,
navose vanogara mairi vanoperezeka.

---

* **3:2** 3:2 magiramu angaita 170 † **3:2** 3:2 marita angaita 330

Mhuka dzesango neshiri dzedenga
nehove dzegungwa zviri kufa.

4 “Asi ngapasava nomunhu anopa mhosva,
ngapasava nomunhu anopomera mumwe
nokuti vanhu venyu vakafanana neavo
vanopomera muprista mhaka.
5 Imi munogumburwa masikati nousiku,
uye vaprofita vanogumburwawo pamwe chete nemi.
Saka ndichaparadza mai venyu.
6 Vanhu vangu vanoparadzwa nokuda kwokushayiwa zivo.

“Sezvo maramba zivo,
ini ndinokurambaiwo savaprista vangu;
nokuti makashayira hanya murayiro waMwari wenyu,
ini ndichashayirawo hanya vana venyu.
7 Vaprista vakati vachiwanda,
kunditadzira kwavo kukawandawo;
vakatsinhanisa kukudzwa nechimwe chinhu chinonyadzisa.
8 Vanodya zvivi zvavanhu vangu
uye vachifarira zvakaipa zvavo.
9 Uye zvichaitika kuti: Zvakaita vanhu, ndizvo zvichaitawo vaprista.
Ndicharanga vose, nokuda kwenzira dzavo
uye ndichavapa mubayiro wamabasa avo.

10 “Vachadya asi havangaguti;
vachaita ufeve asi havangawandi,
nokuti vakatiza Jehovha kuti vazvipire 11 kuufeve,
newaini yakare neitsva,
zvinobvisa kunzwisisa 12 kwavanhu vangu.
Vanobvunza chifananidzo chedanda
uye vanopindurwa netsvimbo yomuti.
Mweya woufeve unovatungamirira mukurasika,
havana kutendeka kuna Mwari wavo.
13 Vanobayira pamusoro pamakomo
uye vanopisira zvinonhuhwira pazvikomo,
pasi pemiouki, mipopura nemiterebhini,
pane mimvuri yakanaka.
Naizvozvo vanasikana venyu vanotendeukira kuufeve
navaroora venyu kuupombwe.

14 “Handizorangi vanasikana venyu
pavanotendeukira kuufeve,
kana varoora venyu
pavanoita upombwe,
nokuti varume pachavo vanoenda kuzvifeve
uye vanobayira pamwe chete nezvifeve zvepashongwe,
vanhu vasinganzwisisi vachasvika pakuparadzwa.

15 “Kunyange uchiita upombwe, iwe Israeri,
usaita kuti Judha ave nemhosva.

"Usaenda kuGirigari;
usakwidza uchienda kuBheti Avheni.
Uye usapika uchiti, 'Zvirokwazvo naJehovha mupenyu!'
16 VaIsraeri vakasindimara,
setsiru rakasindimara.
Zvino Jehovha achavafudza sei
samakwayana pamafuro?
17 Efuremu akabatana nezvifananidzo;
musiyei ari oga!
18 Kunyange zvokunwa zvavo pazvinenge zvapera,
vanoramba vachiita ufeve hwavo;
vatongi vavo vanoda kwazvo nzira dzinonyadzisa.
19 Chamupupuri chichavatsvairira kure,
uye zvibayiro zvavo zvichavaunzira kunyadziswa.

# 5

*Kutongwa kweIsraeri*

1 "Inzwai izvi, imi vaprista!
Teererai, imi vaIsraeri!
Teerera, iwe imba youmambo!
Ndiwe uri kutongwa:
Wakanga uri musungo paMizipa,
mumbure wakatambanudzwa paTabhori.
2 Vapanduki vari mushishi rokuuraya.
Ndichavaranga vose.
3 Ndinoziva zvose zviri pamusoro paEfuremu;
Israeri haina kuvanzika kwandiri.
Efuremu, watendeukira zvino kuufeve;
Israeri aora.

4 "Zviito zvavo hazvivatenderi
kudzokera kuna Mwari wavo.
Mweya woufeve uri mumwoyo yavo;
havazivi Jehovha.
5 Kuzvikudza kwaIsraeri kunovapa mhosva;
vaIsraeri, kunyange Efuremu, vanogumburwa muchivi chavo;
Judha anogumburwawo pamwe chete navo.
6 Pavachaenda namakwai nemombe dzavo
kundotsvaka Jehovha,
havazomuwani;
azvibvisa kwavari.
7 Havana kutendeka kuna Jehovha;
vanobereka vana voupombwe.
Zvino mitambo yavo yoKugara kwoMwedzi
ichavadya pamwe chete neminda yavo.

8 "Ridzai hwamanda paGibhea,
norunyanga paRama.
Ridzai mhere yehondo paBheti Avheni;
tungamira pamberi, iwe Bhenjamini.
9 Efuremu achaparadzwa
pazuva rokutongwa.

Pakati pamarudzi aIsraeri
ndinozivisa zvinhu zvechokwadi.
10 Vatungamiri vaJudha vakafanana neavo
vanobvisa mabwe omuganhu.
Ndichadurura hasha dzangu pavari
samafashamu emvura.
11 Efuremu adzvinyiririrwa
atsikwa-tsikwa mukutongwa,
nokuti akada kutevera zvifananidzo.
12 Ndakafanana nechipfukuto kuna Efuremu,
sokuora kuvanhu veJudha.

13 "Efuremu paakaona kurwara kwake,
naJudha maronda ake,
Efuremu ndipo paakatendeukira kuAsiria,
akatuma nhume kuna mambo mukuru kundotsvaka rubatsiro.
Asi haagoni kukurapa,
haagoni kuporesa mavanga ako.
14 Nokuti ndichava seshumba kuna Efuremu,
seshumba huru kuna Judha.
Ndichavabvambura kuita zvidimbu zvidimbu ndigoenda;
ndichaenda navo pagoshaya anovarwira.
15 Mushure maizvozvo ndichadzokera kunzvimbo yangu,
kusvikira vabvuma mhosva yavo.
Uye vachatsvaka chiso changu;
pakutambudzika kwavo vachanditsvaka nomwoyo wose."

# 6

*Israeri inoramba kutendeuka*

1 "Uyai tidzokere kuna Jehovha.
Akatibvambura kutiita zvidimbu zvidimbu,
asi achatiporesa;
akatikuvadza,
asi achasungazve mavanga edu.
2 Mushure mamazuva maviri achatimutsiridza;
pazuva rechitatu achatidzorazve,
kuti tirarame pamberi pake.
3 Ngatimuzivei iye Jehovha;
ngatishingairirei kumuziva.
Zvirokwazvo sokubuda kwezuva,
achaonekwa;
achauya kwatiri semvura yomuchando,
semvura yebumharutsva inodiridza nyika."
4 "Ndichaiteiko newe, Efuremu?
Ndichaiteiko newe, Judha?
Rudo rwenyu rwakafanana nemhute yamangwanani,
sedova ramangwanani rinopera.
5 Naizvozvo ndinokugurai ndichikuitai zvidimbu zvidimbu navaprofita
vangu,
ndakakuurayai namashoko omuromo wangu,
kutonga kwangu kwakapenya semheni kwamuri.
6 Nokuti ndinoda ngoni, kwete zvibayiro,

nokuziva Mwari kupfuura zvipiriso zvinopiswa.
7 SaAdhamu, vakaputsa sungano,
vakanga vasina kutendeka kwandiri ipapo.
8 Gireadhi iguta ravarume vakaipa,
rakasvibiswa norunyoro rwetsoka dzeropa.
9 Samakororo anovandira munhu,
ndizvo zvinoita boka ravaprista.
Vanouraya vanhu panzira inoenda kuShekemu,
vachipara mhosva dzinonyadzisa.
10 Ndakaona chinhu chakaipa kwazvo
muimba yaIsraeri.
Imomo Efuremu anoita ufeve
uye Israeri anosvibiswa.

11 “Nokwauriwo iwe, Judha,
kukohwa kwatarwa.

“Pose pandichadzorera maropafadzo avanhu vangu.

# 7

1 Pose pandinoda kuporesa Israeri,
zvivi zvaEfuremu zvinoiswa pachena
uye mhosva dzeSamaria dzinobudiswa pachena.
Vanoita zvounyengeri,
mbavha dzinopaza dzimba,
uye makororo anotorera vanhu zvinhu munzira;
2 asi havazivi kuti
ndinorangarira zvakaipa zvose zvavanoita.
Zvivi zvavo zvinovakomberedza;
zvinoramba zviri pamberi pangu nguva dzose.

3 “Vanofadza mambo nezvakaipa zvavo,
machinda nenhema dzavo.
4 Vose imhombwe,
vanopisa sechoto,
moto wacho usingadi mukanyi wechingwa kukuchidzira,
kubva pakukanywa kwebundu rechingwa kusvikira chafuta.
5 Pazuva romutambo wamambo wedu
machinda anorwara nokuda kwewaini,
uye iye akabatana navaseki.
6 Mwoyo yavo yakafanana nechoto;
vanouya kwaari nounyengeri,
ruchiva rwavo runonyeketa somoto usiku hwose;
mangwanani ruchizopfuta serimi romoto.
7 Vose zvavo vanopisa sechoto;
vanoparadza vatongi vavo.
Madzimambo avo ose anowira pasi,
uye hapana kana mumwe wavo anodana kwandiri.

8 “Efuremu anovhengana namarudzi;
Efuremu chingwa chitete chisina kushandurwa.
9 Vatorwa vakamusveta simba rake,

asi iye haazvizivi.
Bvudzi rake rava kuchena,
asi iye haazvicherechedzi.
10 Kuzvikudza kwaIsraeri kunomupupurira zvakaipa,
asi kunyange zvakadaro
haadzoki kuna Jehovha Mwari wake
kana kumutsvaka.

11 “Efuremu akaita senjiva,
inonyengereka zviri nyore uye isina njere,
zvino anodana kuIjipiti,
mushure anoenda kuAsiria.
12 Pavachaenda, ndichakandira mumbure pamusoro pavo;
ndichavakwevera pasi seshiri dzedenga.
Pandichavanzwa vachibhururuka pamwe chete,
ndichavabata.
13 Vane nhamo,
nokuti vakarasika vachibva kwandiri!
Ngavaparadzwe,
nokuti vakandipandukira!
Ndinoshuva kuvadzikinura,
asi vanondirevera nhema.
14 Havachemi kwandiri zvinobva pamwoyo yavo,
asi vanoungudza vari panhoo dzavo.
Vanounganira zviyo newaini itsva
asi vanondifuratira.
15 Ndakavadzidzisa ndikavasimbisa,
asi vanorangana kundiitira zvakaipa.
16 Havadzokeri kuna iye Wokumusoro-soro;
vakafanana nouta hunonyengera.
Vatungamiri vavo vachaparadzwa nomunondo,
nokuda kwamashoko avo ounhubu.
Nokuda kwaizvozvi vachasekwa
munyika yeIjipiti.

# 8

*Israeri achakohwa chamupupuri*

1 “Isa hwamanda pamuromo wako!
Gondo riri pamusoro pemba yaJehovha
nokuti vanhu vakaputsa sungano yangu
uye vakapandukira murayiro wangu.
2 VaIsraeri vanodana kwandiri vachiti,
‘Haiwa, Mwari wedu, tinokuzivai!’
3 Asi Israeri akaramba zvakanaka;
muvengi achamutevera.
4 Vanogadza madzimambo vasina kutenderwa neni;
vanosarudza machinda pasina mvumo yangu.
Vanozvigadzirira zvifananidzo nesirivha negoridhe ravo
kuti vagoparadzwa.
5 Rasira kunze chifananidzo chako chemhuru, iwe Samaria!
Kutsamwa kwangu kunopisa somoto pamusoro pavo.
Vachasvika kupiko vasingagoni kuzvichenesa?
6 Izvi zvinobva kuIsraeri!

Chimhuru ichi, chakagadzirwa nomupfuri,
hachisi Mwari.
Chichaputsika kuita zvimedu zvimedu,
icho chimhuru cheSamaria.

7 “Vanodyara mhepo
vachikohwa chamupupuri.
Dzinde harina kubereka;
haringabudisi upfu.
Dai raizobereka zviyo,
vatorwa vaizvimedza.
8 Israeri yamedzwa;
zvino yava pakati pendudzi
sechinhu chisina maturo.
9 Nokuti vakaenda kuAsiria
sembizi inongombeya yoga.
Efuremu akazvitengesa kuvadiwa.
10 Kunyange zvavo vakazvitengesa pakati pendudzi,
ndichavaunganidza zvino pamwe chete.
Vachatanga kuperezeka
pasi poudzvinyiriri hwamambo ane simba guru.

11 “Kunyange Efuremu akavaka aritari zhinji dzezvipiriso zvechivi,
idzi dzava aritari dzokuitira zvivi.
12 Ndakavanyorera zvinhu zvakawanda zvomurayiro wangu,
asi vakazvitora sezvinhu zvisinei navo.
13 Vanopa zvibayiro kwandiri
uye vodya nyama yacho,
asi Jehovha haafadzwi navo.
Zvino acharangarira uipi hwavo
uye acharanga zvivi zvavo:
Vachadzokera kuIjipiti.
14 Israeri akakanganwa Musiki wake
ndokuvaka mizinda;
Judha akomberedza maguta mazhinji namasvingo.
Asi ndichatumira moto pamaguta avo
uchaparadza masvingo avo.”

# 9

*Israeri inorangwa*

1 Rega kufara, iwe Israeri;
rega kupembera sezvinoita dzimwe ndudzi.
Nokuti hauna kunge wakatendeka kuna Mwari wako;
unofarira mubayiro wechifeve, pamapuriro ose.
2 Mapuriro nezvisviniro zvewaini hazvingagutsi vanhu.
Waini itsva ichavanyengera.
3 Havangarambi vari munyika yaJehovha;
Efuremu achadzokera kuIjipiti
agodya zvokudya zvakasvibiswa muAsiria.
4 Havangadiri zvipiriso zvewaini kuna Jehovha,
uye zvibayiro zvavo hazvingamufadzi.
Zvibayiro zvakadai zvichava kwavari sechingwa chavanochema;

vose vanozvidya vachava vakasvibiswa.
Zvokudya izvi zvichava zvavo;
hazvingaunzwi mutemberi yaJehovha.
5 Muchaiteiko pazuva rakatarwa remitambo yenyu,
pamazuva emitambo yaJehovha?
6 Kunyange dai vakapunyuka kubva pakuparadzwa,
Ijipiti ichavaunganidza,
uye Memufisi ichavaviga.
Matura avo esirivha achafukidzwa norukato,
uye minzwa ichamera mumatende avo.
7 Mazuva okurangwa ari kuuya,
mazuva okutsiva ava pedyo.
Israeri ngaazvizive izvi.
Nokuti zvivi zvako zvizhinji kwazvo
uye ukasha hwako hwakakura kwazvo.
Muprofita anoonekwa sebenzi,
nomurume ano mweya somunhu anopenga.
8 Muprofita, pamwe chete naMwari wangu,
ndiye nharirire yaEfuremu,
asi zvakadaro misungo yakamumirira panzira dzake dzose,
uye ruvengo muimba yaMwari wake.
9 Vanyura kwazvo kwazvo muhuori,
sapamazuva eGibhea.
Mwari acharangarira uipi hwavo
uye achavaranga nokuda kwezvivi zvavo.

10 “Pandakawana Israeri,
zvakanga zvakafanana nokuwana mazambiringa murenje;
pandakaona madzibaba enyu,
zvakanga zvakaita sokuona zvibereko zvokutanga pamuti womuonde.
Asi pavakauya kuBhaari Peori,
vakazvitsaura kuti vazviise kuchiumbwa ichocho chinonyadzisa,
vakava vasina maturo uye vakafanana nechinhu chavakada.
11 Kukudzwa kwaEfuremu kuchabhururuka seshiri,
pasina kubereka, pasina pamuviri, pasina kubata pamuviri.
12 Kunyange zvavo vakarera vana,
ndichavauraya vose mumwe nomumwe.
Vachava nenhamo
pandichavafuratira!
13 Ndakaona Efuremu, seTire,
akasimwa panzvimbo yakanaka.
Asi Efuremu achabudisa
vana vake kumuurayi.”

14 Vapei, imi Jehovha,
zvino muchavapeiko?
Vapei zvibereko zvinopfupfudzika
namazamu akaoma.

15 “Nokuda kwouipi hwavo hwose muGirigari,
ndakavavenga ikoko.
Nokuda kwamabasa avo akaipa,

ndichavadzinga kubva mumba mangu.
Handichazovadazve;
vatungamiri vavo vose vakapanduka.
16 Efuremu arohwa,
mudzi wavo wasvava,
havabereki chibereko.
Kunyange vakabereka vana,
ndichauraya vana vavo ivava vavanodisa."

17 Mwari wangu achavaramba
nokuti havana kumuteerera;
vachava vadzungairi pakati pendudzi.

# 10

1 Israeri akanga ari muzambiringa unotanda;
akazviberekera zvibereko.
Zvibereko zvake pazvakawanda,
akavakawo aritari dzakawanda;
nyika yake payakabudirira,
akashongedzawo matombo ake anoera.
2 Mwoyo wavo unonyengera,
uye zvino vanofanira kutakura mhosva yavo.
Jehovha achaputsa aritari dzavo
uye achaparadza matombo avo akaereswa.
3 Ipapo vachati, "Hatina mambo
nokuti hatina kukudza Jehovha.
Asi kunyange taiva namambo,
angadai akatiitireiko?"
4 Vanovimbisa zvakawanda,
vanoita mhiko dzenhema
uye vanoita zvibvumirano;
naizvozvo mhosva dzinoendeswa kudare
dzinomera sebise rinouraya mumunda wakarimwa.
5 Vanhu vanogara muSamaria vanotyira
chifananidzo chemhuru chaBheti Avheni.
Vanhu vacho vachachichema,
ndizvo zvichaitawo vaprista vanonamata chifananidzo chacho;
ivavo vakafarira kukudzwa kwacho,
nokuti vachachitorerwa chigoendeswa kuutapwa.
6 Chichatakurwa chigoendeswa kuAsiria
somutero kuna mambo mukuru.
Efuremu achanyadziswa;
Israeri achanyarawo nokuda kwezvifananidzo zvakavezwa.
7 Samaria namambo wayo ichaeredzwa
sechimuti pamusoro pemvura.
8 Nzvimbo dzakakwirira dzouipi dzichaparadzwa,
ichi ndicho chivi chaIsraeri.
Minzwa norukato zvichamera
zvigofukidza aritari dzavo.
Ipapo vachati kumakomo, "Tifukidzei!"
nokuzvikomo, "Wirai pamusoro pedu!"

9 “Kubva pamazuva eGibhea, wakatadza, iwe Israeri,
uye ukarambirapo.
Hondo haina kukunda
vaiti vezvakaipa paGibhea here?
10 Nenguva yandinoda ndichavaranga;
ndudzi dzichaungana kuti dzivarwise
dzivaise muusungwa nokuda kwezvivi zvavo zviviri.
11 Efuremu itsiru rakapingudzwa
rinofarira kupura;
saka ndichaisa joko
pamutsipa waro wakanaka.
Ndichatinha Efuremu,
Judha anofanira kurima,
uye Jakobho anofanira kuputsa mavhinga acho.
12 Zvidyarirei kururama,
kohwai chibereko chorudo rusingaperi,
mugorima gombo renyu;
nokuti inguva yokutsvaka Jehovha,
kusvikira auya
kuzonayisa utsvene pamusoro penyu.
13 Asi makarima uipi,
mukacheka zvakaipa,
makadya zvibereko zvounyengeri,
nokuti makavimba nesimba renyu
uye navarwi venyu vakawanda,
14 kuomba kwehondo kuchamukira vanhu venyu,
zvokuti masvingo enyu ose achaparadzwa,
sokuparadzwa kwakaitwa Bheti Aribheri neSharimani pazuva rokurwa,
vanamai pavakapanhirwa pasi pamwe chete navana vavo.
15 Ndizvo zvichaitika kwauri, iwe Bheteri,
nokuti uipi hwako hukuru.
Kana zuva iroro roswedera,
mambo weIsraeri achaparadzwa zvachose.

# 11

*Rudo rwaMwari kuna Israeri*

1 “Israeri paakanga achiri muduku, ndaimuda,
uye ndakadana mwanakomana wangu kubva kuIjipiti.
2 Asi pandakanyanya kuvadana,
vakatonyanya kunditiza.
Vakabayira kuna vanaBhaari
uye vakapisira zvinonhuhwira kuzvifananidzo.
3 Ndini ndakadzidzisa Efuremu kufamba,
ndichivasesedza namaoko avo;
asi havana kuzvicherechedza
kuti ndini ndakavarapa.
4 Ndakavatungamirira nerwodzi rwounyoro hwomunhu,
nezvisungo zvorudo;
ndakasimudza joko kubva pamutsipa wavo
ndikakotama kuti ndivape zvokudya:

5 “Havangadzokerizve kuIjipiti

uye vaAsiria havangavatongi here
nokuti vakaramba kutendeuka?
6 Minondo ichapenya mumaguta avo,
ichaparadza mazariro pamasuo avo
uye ichagumisa zvirongwa zvavo.
7 Vanhu vangu vazvipira kutsauka vachibva kwandiri.
Kunyange dai vakadana kuna Iye Wokumusoro-soro,
haangatongovasimudziri kunyange nenzira ipi zvayo.

8 "Ndinokuregedza seiko, Efuremu?
Ndingakuendesa seiko, Israeri?
Ndingakuitireiko saAdhima?
Ndingakuenzanisa sei naZebhoimi?
Mwoyo wangu washanduka mukati mangu;
tsitsi dzangu dzose dzamutswa.
9 Handingazadzisi kutsamwa kwangu kukuru
kana kutendeuka kuti ndiparadze Efuremu.
Nokuti ndiri Mwari, kwete munhu,
Mutsvene pakati penyu.
Handingauyi ndakatsamwa.
10 Vachatevera Jehovha;
achaomba seshumba.
Paachaomba,
vana vake vachauya vachidedera vachibva kumadokero.
11 Vachauya vachidedera
seshiri vachibva kuIjipiti,
senjiva vachibva kuAsiria.
Ndichavagarisa mudzimba dzavo,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

*Chivi chaIsraeri*

12 Efuremu andikomberedza nenhema,
imba yaIsraeri nounyengeri.
Uye Judha akasindimara pamberi paMwari,
kunyange pamberi paIye Mutsvene Akatendeka.

# 12

1 Efuremu anodya mhepo;
anodzingana nemhepo yokumabvazuva zuva rose
uye anowedzera nhema pamwe chete nechisimba.
Anoita sungano neAsiria,
uye anoendesa mafuta omuorivhi kuIjipiti.
2 Jehovha ane mhaka yaanopa Judha;
acharanga Jakobho maererano nenzira dzake
uye achamupa mubayiro maererano namabasa ake.
3 Muchizvaro akabata chitsitsinho chomukoma wake;
somunhu akaita mutsimba naMwari.
4 Akaita mutsimba nomutumwa akamukurira;
akachema akakumbira kuti anzwirwe nyasha naye.
Akamuwana paBheteri
akataura naye ipapo,
5 Jehovha Mwari Wamasimba Ose,
Jehovha ndiro zita rake raane mukurumbira naro!

6 Asi unofanira kudzokera kuna Mwari wako;
chengetedza rudo nokururamisira,
uye umirire Mwari wako nguva dzose.
7 Mutengesi anoshandisa chiero chinonyengera;
anofarira kubiridzira.
8 Efuremu anozvikudza achiti,
"Ndakapfuma kwazvo; ndazova mupfumi chaiye.
Noupfumi hwangu hwose havangawani mandiri
chakaipa chipi zvacho kana chivi mukati mangu."

9 "Ndini Jehovha Mwari wako,
akakubudisa kubva muIjipiti;
ndichakugarisazve mumatende,
sapamazuva emitambo yakatarwa.
10 Ndakataura kuvaprofita,
ndikavapa zviratidzo zvizhinji
uye ndikataura mifananidzo kubudikidza navo."

11 Ko, Gireadhi yakaipa here?
Vanhu vayo havana maturo!
Vanobayira nzombe here paGirigari?
Aritari dzavo dzichava semirwi yamatombo
mumunda wakarimwa.
12 Jakobho akatizira kunyika yeAramu;
Israeri akashandira kuti awane mukadzi,
uye kuti amuwane akafudza makwai.
13 Jehovha akashandisa muprofita
kuti abudise Israeri kubva muIjipiti,
nomuprofita akavachengeta.
14 Asi Efuremu akamutsamwisa zvikuru kusvikira ashatirwa;
Ishe wake achaisa paari mhosva dzake dzokudeura ropa
uye achamupa mubayiro wokuzvidza kwake.

# 13

### *Kutsamwa kwaJehovha pamusoro peIsraeri*

1 Efuremu akati ataura, vanhu vakadedera;
iye akakudzwa muIsraeri.
Asi akava nemhosva yokunamata Bhaari uye akafa.
2 Zvino vanoramba vachingotadza;
vanozviitira zvifananidzo zvakaumbwa nesirivha yavo,
zviri zvifananidzo zvakaumbwa nenjere dzavo,
zvose ari mabasa emhizha.
Pamusoro pavanhu ava zvinonzi,
"Vanobayira zvibayiro zvevanhu
uye vanotsvoda zviumbwa zvemhuru."
3 Naizvozvo vachava semhute yamangwanani,
sedova rinokurumidza kupera,
sehundi inopeperetswa kubva paburiro,
soutsi hunobuda napawindo.
4 "Asi ndini Jehovha Mwari wako,
akakubudisa kubva muIjipiti.
Haungazovi nomumwe Mwari kunze kwangu;

kana mumwe Muponesi kunze kwangu.
5 Ndakakuchengeta murenje,
munyika inopisa kwazvo.
6 Pandakavapa zvokudya, vakaguta;
vakati vaguta, vakazvikudza
ipapo vakandikanganwa.
7 Saka ndichauya kwavari seshumba,
ndichavagarira panzira sembada,
8 Sebere ratorerwa vana varo,
ndichavarwisa ndigovabvarura.
Seshumba ndichavaparadza;
chikara chesango chichavabvambura.

9 "Waparadzwa iwe Israeri,
nokuti unondirwisa, uchirwisa mubatsiri wako.
10 Mambo wako aripiko, kuti zvimwe angakuponesa?
Vatongi vako varipiko mumaguta ako ose,
avo vawakati, 'Ndipei mambo namachinda'?
11 Saka mukutsamwa kwangu ndakakupa mambo,
uye muhasha dzangu ndakamubvisa.
12 Mhosva dzaEfuremu dzakaunganidzwa pamwe chete,
zvivi zvake zvakachengetedzwa muzvinyorwa.
13 Kurwadziwa sekwomukadzi anosununguka kunosvika kwaari,
asi uyu mwana asina uchenjeri;
kana nguva dzasvika, haauyi kumusuo wechizvaro.

14 "Ndichavadzikinura kubva pasimba reguva;
ndichavadzikinura kubva parufu.
Dziripiko hosha dzako, nhai rufu?
Kuripiko kuparadza kwako, nhai guva?

"Handingazovi netsitsi,
15 kunyange akabudirira pakati pamadzikoma ake.
Mhepo yokumabvazuva yaJehovha ichauya,
ichivhuvhuta ichibva kurenje;
chitubu chake chichapwa
uye tsime rake richaoma.
Dura rake richapambwa
zvose zvinokosha zviri mariri.
16 Vanhu veSamaria vanofanira kutakura mhaka yavo,
nokuti vakamukira Mwari wavo.
Vachaparadzwa nomunondo;
vacheche vavo vacharoverwa pasi.
Vakadzi vavo vane mimba vachatumburwa."

# 14

*Kutendeuka kunouyisa Maropafadzo*

1 Iwe Israeri, dzokera kuna Jehovha Mwari wako.
Zvivi zvako ndizvo zvakauyisa kuwa kwako!
2 Endai namashoko
uye mudzokere kuna Jehovha.
Muti kwaari: "Regererai zvivi zvedu zvose

mutigamuchire nenyasha,
kuti tigopa zvibereko zvemiromo yedu.
3 Asiria haingatiponesi;
hatingatasvi mabhiza ehondo.
Hatizombotizve, 'Vamwari vedu'
kune zvakagadzirwa namaoko edu chaiwo,
nokuti nherera dzinowana tsitsi mamuri."
4 "Ndichaporesa kusateerera kwavo
uye ndichangovada hangu,
nokuti hasha dzangu dzabva kwavari.
5 Ndichava sedova kuna Israeri;
achatunga seruva remahapa.
Somusidhari weRebhanoni
achadzikisa midzi yake;
6 mabukira ake achakura.
Kunaka kwake kuchafanana nekwomuti womuorivhi,
kunhuhwira kwake sekwomusidhari weRebhanoni.
7 Vanhu vachagarazve mumumvuri wake.
Achabudirira sezviyo.
Achatunga maruva somuzambiringa,
uye mbiri yake ichafanana newaini yeRebhanoni.
8 Nhai Efuremu, ndichineiko chokuita nezvifananidzo?
Ndichamupindura uye ndichamuchengeta.
Ndakafanana nomuti womupaini wakasvibira;
kubereka kwako kunobva kwandiri."
9 Ndiani akachenjera? Achacherechedza zvinhu izvi.
Ndiani anonzvera? Achazvinzwisisa.
Nzira dzaJehovha dzakarurama;
vakarurama vanofamba madziri,
asi vatadzi vanogumburwa madziri.

# JOERE

1 Shoko raJehovha rakasvika kuna Joere mwanakomana waPetueri.

*Dambudziko reMhashu*

2 Inzwai izvi, imi vakuru;
teererai imi mose vagere munyika.
Ko, zvakadai zvakamboitika here pamazuva enyu,
kana pamazuva amadzitateguru enyu?
3 Zvinhu izvi zviudzei vana venyu,
uye vana venyu ngavaudzewo vana vavo,
vana vavowo vaudze chizvarwa chinotevera.
4 Zvakasiyiwa nefararira remhashu
zvakadyiwa nemhashu dzemagutaguta;
zvakasiyiwa nemhashu dzemagutaguta
zvakadyiwa negwatagwata;
zvakasiyiwa negwatagwata zvakadyiwa nedzimwewo mhashu.
5 Mukai imi zvidhakwa, chemai!
Ungudzai imi vanwi vewaini;
ungudzai nokuda kwewaini itsva,
nokuti yabvutwa pamiromo yenyu.
6 Rudzi rwarwisa nyika yangu,
rune simba uye haruverengeki;
rune meno eshumba nameno makuru eshumbakadzi.
7 Rwakaparadza mizambiringa yangu yose,
rukaparadza mionde yangu yose.
Rwakasvuura makwati ose emiti,
rukaarasira kure,
ndokusiya mapazi awo achena kuti mbe-e.

8 Chemai semhandara yakapfeka masaga
inochema murume wouduku hwayo.
9 Zvipiriso zvezviyo nezvipiriso zvokunwa
hazvichawanikwi muimba yaJehovha.
Vaprista vari kuungudza, vaya vanoshumira pamberi paJehovha.
10 Minda yaparadzwa,
pasi paoma;
zviyo zvaparadzwa,
waini itsva yapera,
mafuta hakuchina.
11 Pererwai nezano, imi varimi,
ungudzai, imi varimi vemizambiringa,
chemerai gorosi nebhari,
nokuti mukohwo weminda waparadzwa.
12 Muzambiringa waoma,
uye muonde wasvava;
mutamba, muchindwi nomuti womuapuro,
miti yose yesango, yaoma.
Zvirokwazvo, mufaro wavanhu
wasvava.

*Vanhu vanonzi vatendeuke*

13 Pfekai masaga mucheme, imi vaprista;
ungudzai, imi munoshanda paaritari.
Uyai muvate usiku hwose makapfeka masaga,
imi munoshumira pamberi paMwari wangu;
nokuti zvipiriso zvezviyo nezvokunwa
zvadziviswa muimba yaMwari wenyu.
14 Tsaurai nguva yokutsanya kutsvene;
danai vanhu kuungano tsvene.
Kokai vakuru
navose vanogara munyika
kuimba yaJehovha Mwari wedu,
mugodana kuna Jehovha.

15 Rinotyisa sei zuva iro!
Nokuti zuva raJehovha rava pedyo;
richauya sokuparadza kunobva kuna Wamasimba Ose.

16 Ko, zvokudya hazvina kubviswa here
pamberi pedu chaipo,
mufaro nokufarisisa
kubva mumba maMwari wedu?
17 Mbeu dzinopetana
dzisati dzamera pasi pevhu,
matura aparara,
tsapi dzaputswa
nokuti hapachina zviyo.
18 Mombe dzinogomera sei!
Matanga emombe odzungaira
nokuda kwokushayiwa mafuro.
Kunyange mapoka amakwai ari kutambudzika.

19 Haiwa Jehovha, ndinodana kwamuri,
nokuti moto wapisa mafuro,
uye mirazvo yemoto yapisa miti yose musango.
20 Kunyange mhuka dzesango dzinochema kwamuri;
nokuti hova dzesango dzapwa
uye moto waparadza mafuro ose.

# 2

*Hondo yeMhashu*

1 Ridzai hwamanda muZioni;
ridzai hwamanda yokuyambira vanhu muri pagomo rangu dzvene.
Vanhu vose vagere munyika ngavadedere
nokuti zuva raJehovha riri kuuya.
Rava pedyo,
2 zuva rerima nokusuwa,
zuva ramakore nokusviba.
Samambakwedza anoonekwa pamusoro pamakomo,
hondo huru ine simba guru iri kuuya;
zvakadai hazvina kutombovapo munguva yakare,
uye hazvichazoonekwizve munguva ichatevera.
3 Moto unoparadza pamberi padzo,

marimi omoto ari kupisa shure kwadzo.
Pamberi padzo, nyika yakafanana nebindu reEdheni,
shure kwadzo kwangova gwenga risina basa,
hapana chinopunyuka.
4 Pakuonekwa kwadzo dzakaita samabhiza;
dzinomhanya samabhiza ehondo.
5 Nokutinhira sokwengoro
dzinokwakuka pamusoro pamakomo
dzichidya mashanga semoto unopisa uswa hwakaoma,
sehondo ine simba yabuda kundorwa.

6 Pakungodziona chete, ndudzi dzose dzinotya;
vose vanocheneruka kumeso.
7 Dzinorwisa samauto;
dzinokwira madziro savarwi.
Dzinofamba dzakateverana
dzisingatsauki padzakananga napo.
8 Hadzikwikwidzani pakufamba,
imwe neimwe inofamba yakananga mberi.
Dzinopwanya nzvimbo dzakadzivirirwa sei,
pasina chinodzikanganisa pakurongana kwadzo.
9 Dzinobhururuka dzakananga muguta;
dzinomhanya pamusoro porusvingo.
Dzinokwira dzichipinda mudzimba;
dzinopinda napamawindo sembavha.

10 Pamberi padzo, pasi panozunguzika,
denga rinodedera,
zuva nomwedzi zvinosviba
uye nyeredzi dzinodzima.
11 Jehovha anoomba,
ari pamberi pehondo yake;
mauto ake haaverengeki,
uye vane simba ndivo vanoteerera kurayira kwake.
Zuva raJehovha iguru;
rinotyisa kwazvo.
Ndiani angamira musi waro?

### *Bvarurai Mwoyo Yenyu*

12 Jehovha anoti, "Kunyange zvino,
tendeukirai kwandiri nemwoyo yenyu yose
muchitsanya, muchichema uye muchiungudza."

13 Bvarurai mwoyo yenyu,
kwete nguo dzenyu.
Dzokerai kuna Jehovha Mwari wenyu,
iye ane nyasha uye ane tsitsi,
anononoka kutsamwa
uye ane rudo rukuru;
anozvidzora pakutumira vanhu njodzi.
14 Ndiani anoziva? Anogona kupinduka agonzwa tsitsi,
uye agokusiyirai mukomborero
wezvipiriso zvezviyo nezvipiriso zvokunwa

zvinoitirwa Jehovha Mwari wenyu.

15 Ridzai hwamanda muZioni.
Sarudzai zuva rokutsanya kutsvene,
danai vanhu kuungano tsvene.
16 Unganidzai vanhu,
munatse ungano iyi,
unganidzai pamwe chete vakuru,
unganidzai vana,
vachiri kuyamwa.
Vachangowanana, murume ngaabude muimba yake
nomwenga muimba yake.
17 Vaprista vanoshumira pamberi paJehovha
ngavacheme vari pakati pebiravira retemberi nearitari.
Ngavati, "Musaparadza vanhu venyu, imi Jehovha.
Musaita kuti nhaka yenyu ive chinhu chinosekwa,
chirevo pakati pendudzi.
Vachataurirei pakati pamarudzi vachiti,
'Mwari wavo aripiko?' "

*Mhinduro yaJehovha*

18 Ipapo Jehovha achava negodo pamusoro penyika yake,
uye achanzwira vanhu vake tsitsi.
19 Jehovha achavapindura achiti,
"Ndava kukutumirai zviyo, waini itsva namafuta,
zvakawanda zvokuti muchaguta kwazvo,
handichazokuitai zvakare chiseko chendudzi.

20 "Ndichadzingira kure nemi hondo yokumusoro,
ndichaidzingira kunyika yakaoma isina chibereko,
dziya dziri mberi dzichawira mugungwa rokumabvazuva,
uye dziya dziri shure dzichawira mugungwa rokumadokero.
Uye kunhuhwa kwadzo kuchakwira;
kunhuhwa kwadzo kukuru kuchakwira."

Zvirokwazvo akaita zvinhu zvikuru.
21 Usatya iwe nyika;
fara zvako upembere.
Zvirokwazvo Jehovha aita zvinhu zvikuru.
22 Musatya, imi mhuka dzesango,
nokuti mafuro ava kusvibira.
Miti yava kubereka michero yayo; mionde nemizambiringa zvichabereka
kwazvo.
23 Farai imi vanhu veZioni,
farai muna Jehovha Mwari wenyu,
nokuti akakupai mvura yokupedzisira mukururama.
Anokupai mvura yakawanda,
yokupedzisira neyebumharutsva sakare.
24 Mapuriro enyu achazara nezviyo,
uye zvisviniro zvenyu zvichazara newaini itsva namafuta.

25 "Ndichakuripirai makore ose amakadyirwa nemhashu:
mhashu dzemagutaguta nedzegwatakwata,

dzimwe mhashu nefararira remhashu;
hondo yangu huru yandinotuma pakati penyu.
26 Muchava nezvokudya zvakawanda kusvikira maguta,
ipapo mucharumbidza zita raJehovha Mwari wenyu,
uyo akakuitirai zvishamiso;
vanhu vangu havachazonyadziswi zvakare.
27 Ipapo muchazoziva kuti ndirimo muIsraeri,
uye kuti ndini Jehovha Mwari wenyu,
uyewo kuti hakuna mumwe;
vanhu vangu havachazonyadziswi zvakare.

### *Zuva raJehovha*

28 "Uye mushure maizvozvo,
ndichadururira Mweya wangu pamusoro pavanhu vose.
Vanakomana navanasikana venyu vachaprofita,
vatana venyu vacharota hope,
majaya enyu achaona zviratidzo.
29 Kunyange pamusoro pavaranda vangu, zvose varume navakadzi,
ndichadururira Mweya wangu mumazuva iwayo.
30 Ndicharatidza zvishamiso kudenga
napanyika,
ropa nomoto neshongwe dzoutsi.
31 Zuva richashanduka rigova rima,
uye mwedzi uchava ropa,
zuva guru raJehovha rinotyisa risati rasvika.
32 Uye ani naani anodana
kuzita raJehovha achaponeswa;
nokuti paGomo reZioni nomuJerusarema
muchava noruponeso,
sezvakataurwa naJehovha,
pakati pavanopunyuka,
avo vachadanwa naJehovha.

## 3

### *Kutongwa kweNdudzi*

1 "Mumazuva iwayo, napanguva iyoyo,
kana ndichinge ndadzosa pfuma yeJudha neyeJerusarema,
2 ndichaunganidza ndudzi dzose
ndigoenda nadzo kuMupata waJehoshafati.
Ipapo ndichavatonga
nokuda kwenhaka yangu, vanhu vangu vaIsraeri,
nokuti vakaparadzira vanhu vangu pakati pendudzi,
uye vakagovana nyika yangu.
3 Vakakanda mijenya pamusoro pavanhu vangu,
vakatsinhanisa vakomana nezvifeve;
vakatengesa vanasikana kuti vagotenga waini
yokuti vanwe.

4 "Zvino ndakakutadzirai chiiko, imi Tire neSidhoni, nemi matunhu ose
eFiristia? Muri kundiripira chimwe chinhu chandakaita here? Zvino
kana muchindiripira, ini ndichadzosera zvamakaita pamisoro yenyu
chaiyo nokukurumidza chaizvo. 5 Nokuti makatora sirivha negoridhe

rangu, mukatakurawo midziyo yangu yakanakisisa mukandoiisa kutem-
beri dzenyu. 6 Makatengesa vanhu veJudha neveJerusarema kuvaGiriki
kuti muvaendese kure.
7 "Tarirai, ini ndichavamutsa kubva kunzvimbo dzamakavatengesera,
uye ndichadzosera pamisoro yenyu chaiyo zvamakaita. 8 Ndichatengesa
vanakomana navanasikana venyu kuvanhu veJudha, uye vachavatengesa
kuvaShebha, rudzi rwuri kure." Jehovha ataura.

9 Paridzirai izvi kundudzi dzose:
Gadzirirai hondo!
Mutsai varwi!
Varwi vose ngavaswedere pedyo varwise.
10 Pfurai mapadza enyu muaite minondo,
uye mapanga okuchekerera miti muaite mapfumo.
Asina simba ngaati, "Ndine simba!"
11 Uyai nokukurumidza, imi ndudzi dzose, kubva kumativi ose
mugoungana ipapo.

Haiwa Jehovha, burutsai varwi venyu.

12 "Ndudzi dzose ngadzimutswe;
ngadziende kuMupata waJehoshafati,
nokuti ipapo ndipo pandichagara pasi
kuti nditonge ndudzi dzose kumativi ose enyika.
13 Shandisai jeko,
nokuti gohwo raibva.
Uyai musvine mazambiringa netsoka dzenyu,
nokuti chisviniro chazara,
uye zvirongo zvopfachukira,
uku ndiko kukura kwakaita kuipa kwavo."

14 Vazhinji zhinji, vazhinji zhinji,
vari mumupata wokutonga.
Nokuti zuva raJehovha rava pedyo
mumupata wokutonga.
15 Zuva nomwedzi zvichasviba
uye nyeredzi dzichadzima.
16 Jehovha achaomba paZioni,
uye achatinhira ari muJerusarema;
denga nenyika zvichadedera.
Asi Jehovha achava utiziro hwavanhu vake,
nhare yavanhu veIsraeri.

### *Maropafadzo aVanhu vaMwari*

17 "Ipapo muchaziva kuti ini Jehovha Mwari wenyu,
ndinogara muZioni, gomo rangu dzvene.
Jerusarema richava dzvene;
vatorwa havachazorirwisazve.

18 "Pazuva iroro makomo achachururuka waini itsva,
uye zvikomo zvichaerera mukaka;
hova dzose dzomuJudha dzichaerera mvura.
Chitubu chichaerera chichibva muimba yaJehovha,
uye chichadiridzira mupata wemiti yemiunga.

19 Asi Ijipiti ichava dongo,
Edhomu ichava gwenga risina basa,
nokuda kwokurwiswa kwakaitwa vanhu veJudha,
vakateura ropa risina mhosva munyika yavo.
20 MuJudha muchagara vanhu nokusingaperi,
uye nomuJerusarema kusvikira kuzvizvarwa zvose.
21 Mhosva yavo yeropa yandisina kuregerera,
ndichairegerera,
nokuti Jehovha anogara muZioni."

# AMOSI

1 Mashoko aAmosi mumwe wavafudzi veTekoa, zvaakaona pamusoro
peIsraeri makore maviri kudengenyeka kwenyika kusati kwaitika, Uzia
paakanga ari mambo weJudha uye Jerobhoamu mwanakomana waJoashi
ari mambo weIsraeri.
2 Akati:
"Jehovha anoomba ari paZioni
uye anotinhira ari paJerusarema;
mafuro avafudzi anooma,
pamusoro peKarimeri panosvava."

*Vavakidzani veIsraeri vanotongwa*

3 Zvanzi naJehovha:
"Nemhaka yezvivi zvitatu zveDhamasiko,
kunyange zvina, handingadzori hasha dzangu.
Nokuti vakapura Gireadhi
nemipuro ina meno amatare,
4 ndichatumira moto paimba yaHazaeri
uchaparadza nhare dzaBheni Hadhadhi.
5 Ndichavhuna suo reDhamasiko;
ndichaparadza mambo agere mumupata weAvheni
uye nouyo akabata tsvimbo youshe muBheti Edheni.
Vanhu veAramu vachaenda muutapwa kuKiri,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
6 Zvanzi naJehovha:
"Nemhaka yezvivi zvitatu zveGaza,
kunyange zvina, handingadzori hasha dzangu.
Nokuti vakatapa rudzi rwose
uye vakavatengesa kuEdhomu,
7 ndichatuma moto pamusoro pamasvingo eGaza
uchaparadza nhare dzake.
8 Ndichaparadza mambo weAshidhodhi
uye nouyo akabata tsvimbo youshe muAshikeroni.
Ndichatambanudzira ruoko rwangu kuti ndirwise Ekironi
kusvikira vaFiristia vose vapera kufa,"
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
9 Zvanzi naJehovha:
"Nemhaka yezvivi zvitatu zveTire,
kunyange zvina handingadzori hasha dzangu.
Nokuti akatengesera Edhomu rudzi rwose savatapwa,
akasacherechedza sungano youkama,
10 ndichatuma moto pamasvingo eTire,
uchaparadza nhare dzake."
11 Zvanzi naJehovha:
"Nemhaka yezvivi zvitatu zvaEdhomu,
kunyange zvina, handingadzori hasha dzangu.
Nokuti akadzinganisa munun'una wake nomunondo,
akaramba kumunzwira tsitsi,
nokuti kutsamwa kwake kwakaramba kwakangodaro,
uye hasha dzake dzakapfuta, hadzina akadzimisa,

12 ndichatuma moto pamusoro peTemani
uchaparadza nhare dzeBhozira."
13 Zvanzi naJehovha: "Nemhaka yezvivi zvitatu zvaAmoni,
kunyange zvina, handingadzori hasha dzangu.
Nokuti akatumbura vakadzi vane mimba veGireadhi,
kuti awedzere miganhu yake,
14 ndichatungidza moto pamasvingo eRabha
uchaparadza nhare dzaro,
pakati pemheremhere yehondo pazuva rokurwa,
pakati pemhepo huru nezuva redutu.
15 Mambo wake achaenda kuutapwa,
iye namakurukota ake pamwe chete,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 2

1 Zvanzi naJehovha:
"Nemhaka yezvivi zvitatu zvaMoabhu,
kunyange zvina, handingadzori hasha dzangu.
Nokuti akapisa, kuita madota,
mapfupa amambo weEdhomu.
2 Ndichatuma moto pamusoro paMoabhu
uchaparadza nhare dzeKerioti.
Moabhu achawira pasi mubope guru
pakati pemheremhere yehondo, nokurira kwehwamanda.
3 Ndichaparadza mutongi wake
uye ndichauraya makurukota ake pamwe chete naye,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
4 Zvanzi naJehovha:
"Nemhaka yezvivi zvitatu zvaJudha,
kunyange zvina, handingadzori hasha dzangu.
Nokuti vakaramba murayiro waJehovha
uye havana kuchengeta mitemo yake,
nokuti vakatsauswa mukurasika navamwari venhema,
vamwari vakateverwa namadzitateguru avo,
5 ndichatuma moto pamusoro peJudha,
uchaparadza nhare dzeJerusarema."

### *Israeri inotongwa*

6 Zvanzi naJehovha:
"Nemhaka yezvivi zvitatu zvaIsraeri,
kunyange zvina, handingadzori hasha dzangu.
Vanotengesa vakarurama kuti vawane sirivha,
navanoshayiwa kuti vawane shangu.
7 Vanotsika-tsika pamisoro yavarombo
savanotsika paguruva,
uye vanoshayisa vakadzvinyiririrwa kururamisirwa.
Baba nomwanakomana vanorara nomusikana mumwe chete,
nokudaro vanosvibisa zita rangu dzvene.
8 Vanovata pasi parutivi pearitari
imwe neimwe panguo dzakatorwa norubatso.
Mumba yamwari wavo
vanonwa waini yakatorwa somuripo.

9 “Ndakaparadza Amori pamberi pavo,
kunyange akanga akareba somusidhari
uye akasimba somuouki.
Ndakaparadza zvibereko zvake
kumusoro nemidzi yake pasi.

10 “Ndakakubudisa kubva muIjipiti,
ndikakutungamirira kwamakore makumi mana murenje,
kuti ndikupe nyika yavaAmori.
11 Ndakamutsawo vaprofita kubva pakati pavanakomana venyu,
navaNaziri kubva pakati pamajaya enyu.
Ichi hachisi chokwadi here, nhai vanhu veIsraeri?”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
12 “Asi makaita kuti vaNaziri vanwe waini
uye mukarayira vaprofita kuti varege kuprofita.

13 “Zvino ipapo ndichakupwanyai
sokupwanya kunoita ngoro izere nezviyo.
14 Vanomhanya kwazvo havangapunyuki,
vakasimba havangazovi nesimba ravo,
uye murwi haangazoponesi upenyu hwake.
15 Anopfura nemiseve haangazoramba amire,
murwi anogona kumhanya haangapunyuki,
uye mutasvi webhiza haangazoponesi upenyu hwake.
16 Kunyange mhare dzakashinga
dzichatiza dzisina nguo pazuva iro,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 3

*Zvapupu zvinodaidzwa kuti zvizopomera Israeri mhosva*

1 Inzwai shoko iri rakataurwa naJehovha pamusoro penyu, imi vanhu
veIsraeri, pamusoro pemhuri yose yandakabudisa kubva muIjipiti:
2 “Ndimi moga vandakasarudza
pamhuri dzose dzapanyika;
naizvozvo ndichakurangai
nokuda kwezvivi zvenyu zvose.”

3 Ko, vaviri vangafamba pamwe chete
vasina kunge vatenderana here?
4 Ko, shumba ingaomba mudondo
isina chayaruma here?
Ko, ingarira mubako rayo isina chayabata here?
5 Ko, shiri ingawira pasi mumusungo
pasina kuteyiwa rugombe here?
Ko, musungo ungaurukira kumusoro
pasina chawabata here?
6 Hwamanda ingarira muguta,
vanhu vakasatya here?
Njodzi painowira guta,
ko, haazi Jehovha anenge azviita here?

7 Zvirokwazvo, Ishe Jehovha haaiti chinhu

asina kuzivisa varanda vake,
vaprofita, zvakavanzika zvake.

8 Shumba yaomba,
ndiani angarega kutya?
Ishe Jehovha ataura,
ndiani angarega kuprofita?

9 Paridzirai nhare dzeAshidhodhi
nenhare dzeIjipiti muchiti:
“Unganai pamakomo eSamaria;
onai kusagadzikana kukuru kuri mukati maro,
noudzvinyiriri huri pakati pavanhu varo.”

10 “Havazivi kuita zvakarurama,” ndizvo zvinotaura Jehovha,
“ivo vanounganidza zvakapambwa nezvakabiwa munhare dzaro.”
11 Naizvozvo zvanzi naIshe Jehovha,
“Muvengi achatora nyika; achawisira pasi nzvimbo dzako
uye achapamba nhare dzako.”
12 Zvanzi naJehovha:
“Mufudzi sezvaanobvuta pamuromo
weshumba mapfupa maviri amakumbo chete kana chipandi chenzeve,
vaIsraeri vachaponeswa saizvozvowo,
avo vanogara muSamaria
pamicheto yemibhedha yavo,
nomuDhamasiko pazvigaro zvavo.”
13 “Inzwai izvi, mugopupura pamusoro peimba yaJakobho,” ndizvo
zvinotaura Ishe Jehovha, Mwari Wamasimba Ose.
14 “Pazuva randicharanga Israeri nokuda kwezvivi zvayo,
ndichaparadza aritari dzeBheteri;
nyanga dzearitari dzichaparadzwa
uye dzichawira pasi.
15 Ndichaparadza imba yenguva yechando,
pamwe chete neimba yenguva yechirimo;
dzimba dzakashongedzwa nenyanga dzenzou dzichaparadzwa
uye dzimba huru dzichaparadzwa,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# 4

*Israeri haina kudzokera kuna Mwari*
1 Inzwai shoko iri, imi mhou dzeBhashani paGomo reSamaria,
imi vakadzi vanodzvinyirira varombo
uye vanopwanya vanoshayiwa muchiti kuvarume venyu, “Tiunzirei zvokunwa.”
2 Ishe Jehovha apika noutsvene hwake achiti,
“Zvirokwazvo nguva ichasvika
yamuchatorwa nezvikokovono,
vokupedzisira pakati penyu nezviredzo.
3 Muchabuda pakarepo mumwe nomumwe,
napakakoromoka masvingo,
uye mucharasirwa kunze makananga kuHamoni,”

ndizvo zvinotaura Jehovha.
4 “Endai kuBheteri mundotadza;
endai kuGirigari mundowedzera kutadza kwenyu.
Uyai nezvibayiro zvenyu mangwanani namangwanani,
zvegumi zvenyu mushure mamakore matatu.
5 Pisai chingwa chine mbiriso sechibayiro chokuvonga
muzvirumbidze pamusoro pezvipiriso zvenyu zvokupa nokuzvisarudzira,
zvirumbidzei nazvo, imi vaIsraeri,
nokuti izvi ndizvo zvamunofarira kuita,”
ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.
6 “Ndakakupai matumbu asina chinhu mumaguta makuru ose
uye ndikakushayisai chingwa mumaguta maduku ose,
kunyange zvakadaro hamuna kudzokera kwandiri,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

7 “Ndakamisawo mvura
kuti isanaya kwasara mwedzi mitatu kuti mukohwe.
Ndakatumira mvura kuguta rimwe chete
ndikasanayisa kune rimwe.
Mumwe munda wakawana mvura
mumwe wakashayiwa uye ukaoma.
8 Vanhu vakadzedzereka vachibva kune rimwe guta vachienda kune rimwe kundotsvaka mvura,
asi havana kuwana yaivaringana kuti vanwe,
kunyange zvakadaro hamuna kudzokera kwandiri,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

9 “Kakawanda kwazvo ndakarova mapindu neminda yenyu yemizambiringa,
ndakairova nechirwere nokuvhuvha.
Mhashu dzakaparadza mionde nemiti yenyu yemiorivhi,
kunyange zvakadaro hamuna kudzokera kwandiri,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

10 “Ndakatumira hosha pakati penyu
sezvandakaita kuIjipiti.
Ndakauraya majaya enyu nomunondo,
pamwe chete namabhiza enyu akapambwa.
Ndakazadza mhino dzenyu nokunhuhwa kwemisasa yenyu,
asi hamuna kudzokera kwandiri,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

11 “Ndakaparadza vamwe venyu
sokuparadza kwandakaita Sodhomu neGomora.
Makanga makaita sorukuni runotsva, rwabviswa mumoto,
asi hamuna kudzokera kwandiri,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

12 “Naizvozvo izvi ndizvo zvandichaita kwauri, Israeri,
uye nokuti ndichaita izvi kwauri,
gadzirira kusangana naMwari wako, iwe Israeri.”

13 Iye anoita makomo,
ndiye anosika mhepo,
ndiyezve anozivisa pfungwa dzake kumunhu,
Iye anoshandura mangwanani akava rima,
anotsika panzvimbo dzakakwirira dzenyika,
Jehovha Mwari Wamasimba Ose ndiro zita rake.

# 5

*Kuchema nokudanidzira kuti vanhu vatendeuke*

1 Inzwai shoko iri, imi imba yaIsraeri, kuchema uku kwandinoita
pamusoro penyu:
2 "Yawira pasi Mhandara Israeri,
haingazosimukizve,
akasiyiwa ari oga munyika yake,
pasina angamusimudza."
3 Zvanzi naIshe Jehovha:
"Guta richaendesa varwi chiuru vakasimba pakati peIsraeri
richasarirwa nezana chete;
guta richaendesa varwi zana
vakasimba richasarirwa negumi chete."
4 Zvanzi naJehovha kuimba yaIsraeri:
"Nditsvakei murarame;
5 musatsvaka Bheteri,
musaenda kuGirigari,
musaita rwendo rwokuenda kuBheerishebha.
Nokuti zvirokwazvo Girigari ichaendeswa kuutapwa,
uye Bheteri richava sapasina chinhu."
6 Tsvakai Jehovha mugorarama,
mukasadaro achatsvaira imba yaJosefa sezvinoita moto;
uchaparadza,
uye Bheteri richashaya anoudzima.

7 Imi vanoshandura kururamisira muchikuita gavakava
uye muchikandira kururama pasi
8 (Iye akaita nyeredzi dzeChimutanhatu neOrioni,
anoshandura rima richiva mambakwedza,
uye anoita kuti zuva risvibe huve usiku,
anodana mvura zhinji yegungwa achiidururira panyika,
Jehovha ndiro zita rake,
9 anoparadza nhare pakarepo uye anoita
kuti guta rina masvingo rive dongo),
10 munovenga anorayira padare
uye munozvidza anotaura chokwadi.

11 Munotsika pamusoro pomurombo
muchimumanikidza kuti akupei zviyo.
Naizvozvo, kunyange makavaka dzimba huru dzamabwe,
hamungagari madziri;
kunyange makasima minda yakasvibira yemizambiringa,
hamunganwi waini yayo.
12 Nokuti ndinoziva kuwanda kwemhosva
dzenyu nokukura kwakaita zvivi zvenyu.

Munodzvinyirira vakarurama uye munotora fufuro,
uye munoshayisa varombo kururamisirwa pamatare.
13 Naizvozvo munhu akangwara anonyarara panguva dzakadai,
nokuti inguva dzakaipa.

14 Tsvakai zvakanaka, kwete zvakaipa,
kuti murarame.
Ipapo Jehovha Mwari Wamasimba Ose achava nemi,
sezvamunoti ndizvo zvaari.
15 Vengai zvakaipa, mude zvakanaka;
chengetedzai kururamisira mumatare.
Zvichida Jehovha Mwari Wamasimba Ose
achanzwira tsitsi vakasara vaJosefa.
16 Naizvozvo zvanzi naIshe, Jehovha Mwari Wamasimba Ose,
"Muchava nokuchema mumigwagwa
yose nemhere yokurwadziwa pazvivara zvose.
Varimi vachadanwa kuti vazochema
uye vanochema vazoungudza.
17 Kuchava nokuungudza muminda yose yemizambiringa,
nokuti ndichapfuura napakati penyu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

*Zuva raJehovha*

18 Mune nhamo imi
munoshuva zuva raJehovha!
Sei muchishuva zuva raJehovha?
Zuva iro richava rima kwete chiedza.
19 Zvichaita somunhu akatiza shumba
achibva asangana nebere,
sokunge akapinda mumba
make ndokubata madziro noruoko rwake
achibva arumwa nenyoka.
20 Ko, zuva raJehovha haringavi rima here,
kwete chiedza, rima guru, risina kana bwerazuva?

21 "Ndinovenga, ndinozvidza mitambo yenyu yechinamato;
handifadzwi neungano dzenyu.
22 Kunyange mukandivigira zvipiriso zvenyu zvinopiswa nezvipiriso zvezviyo,
handingazvigamuchiri.
Kunyange mukandivigira zvipiriso zvakaisvonaka zvokuwadzana,
handingavi nehanya nazvo.
23 Ibvai pamberi pangu noruzha rwenziyo dzenyu!
Handidi kunzwa kurira kwembira dzenyu.
24 Asi kururamisira ngakuyerere sorwizi,
kururama sorukova rusingapwi!

25 "Makandivigira zvibayiro nezvipiriso
makore makumi mana muri murenje here, nhai imba yaIsraeri?
26 Makasimudzira temberi yamambo wenyu,
chitsiko chezvifananidzo zvenyu,
nyeredzi yamwari wenyu,
wamakazvigadzirira.

27 Naizvozvo ndichakutamisai muende mberi kweDhamasiko,"
ndizvo zvinotaura Jehovha ane zita rinonzi Mwari Wamasimba Ose.

# 6

*Vane nhamo vakavarairwa*

1 Mune nhamo imi makavarairwa muZioni,
nemi munofunga kuti mugere pakasimba paGomo reSamaria,
imi varume vanozivikanwa vorudzi rukuru,
kunoenda vanhu veIsraeri!
2 Endai kuKarine mundoritarisa;
muchibvapo moenda kuHamati guta guru,
uye mozodzika kuGati muFiristia.
Vari nani kupfuura umambo hwenyu huviri here?
3 Munoti zuva rakaipa ngarirege
kusvika muchiswededza pedyo utongi hwokuvhundutsira.
4 Munovata pamibhedha yenyanga dzenzou,
muchizorora pazvigaro zvenyu.
Munodya makwayana akaisvonaka
nemhuru dzakakodzwa.
5 Munoridza zvenyu mbira dzenyu saDhavhidhi,
uye munozvigadzirira zviridzwa.
6 Munonwa waini yakawanda,
muchizora mafuta akaisvonaka,
asi hamuchemi nokuda kwamatongo aJosefa.
7 Naizvozvo muchava pakati pevachatanga kuenda kuutapwa;
mabiko enyu nokuzorora kwenyu zvichapera.

*Jehovha anosema kuzvikudza kwaIsraeri*

8 Ishe Jehovha akapika naiye pachake, Jehovha Mwari Wamasimba Ose
anoti,
"Ndinosema kuzvikudza kwaJakobho,
uye ndinovenga nhare dzake;
ndichaisa guta kuvavengi
nezvose zviri mariri."
9 Kana varume gumi vakasiyiwa muimba imwe chete naivowo vachafa.
10 Uye kana hama inofanira kupisa mitumbi ikauya kuzovabudisa mumba,
uye ikabvunza munhu achakahwanda imomo ichiti, "Pane mumwe
waunaye here?" uye akati, "Kwete," ipapo iye achati, "Nyarara! Hatifaniri
kuti titaure zita raJehovha."
11 Nokuti Jehovha akarayira,
uye achaparadza imba huru igoita murwi,
nemba duku igoti mwarara.

12 Ko, mabhiza angamhanya paruware here?
Ko, pane angaparima ipapo nemombe here?
Asi makashandura kururamisira mukakuita muchetura,
nechibereko chokururama mukachiita gavakava,
13 imi munopembera pakukundwa kweRo Dhibhari uye munoti,
"Hatina kuzvitorera Karinaini nesimba redu here?"

14 Nokuti Jehovha Mwari Wamasimba Ose anoti,
"Ndichakumutsirai rumwe rudzi kuti rukumukirei, imi imba yaIs-
raeri,

ruchakutambudzai panzira yenyu yose,
kubva kuRebho Hamati kusvikira kumupata weArabha."

# 7

### *Mhashu, Moto neRwodzi Rwokuyeresa*

1 Izvi ndizvo zvandakaratidzwa naIshe Jehovha: Akanga achigadzirira
chimokoto chemhashu mushure mokukohwewa kwomugove wamambo
uye mumera wechipiri uchangobuda. 2 Dzakati dzapedza zvose zvaiva
munyika, ndakadanidzira ndichiti, "Ishe Jehovha chikanganwirai henyu!
Ko, Jakobho angararame sei? Muduku kwazvo!"
3 Nokudaro Jehovha akadzora mwoyo.
Jehovha akati, "Izvi hazvichazoitika."
4 Izvi ndizvo zvandakaratidzwa naIshe Jehovha: Ishe Jehovha
akanga achidanidzira kuti pave nokutonga nomoto; wakaomesa gungwa
rakadzika uye ukaparadza nyika. 5 Ipapo ndakadanidzira ndichiti, "Ishe
Jehovha, ndinokukumbirai, imbomirai henyu. Ko, Jakobho angararame
sei? Muduku kwazvo!"
6 Nokudaro Jehovha akadzora mwoyo.
Ishe Jehovha akati, "Izviwo hazvichaitiki."
7 Izvi ndizvo zvaakandiratidza: Jehovha akanga akamira pamadziro
akanga akavakwa zvakaenzaniswa nerwodzi, ane rwodzi rwokuyeresa
muruoko rwake. 8 Uye Jehovha akandibvunza akati, "Unooneiko, Amosi?"
Ndakapindura ndikati, "Rwodzi rwokuyeresa."
Ipapo Jehovha akati, "Tarira, ndichaisa rwodzi rwokuyeresa pakati
pavanhu vangu vaIsraeri, handichavaponesazve.
9 "Nzvimbo dzakakwirira dzaIsaka dzichaparadzwa,
uye nzvimbo tsvene dzaIsraeri dzichaitwa matongo;
ndichamukira imba yaJerobhoamu nomunondo wangu."

### *Amosi naAmazia*

10 Ipapo Amazia muprista weBheteri akatumira shoko kuna Jerobhoamu
mambo weIsraeri achiti, "Amosi akaita rangano yokukumukirai pakati
chaipo pemwoyo weIsraeri. Nyika haigoni kugamuchira mashoko ake ose.
11 Nokuti izvi ndizvo zviri kutaurwa naAmosi:
" 'Jerobhoamu achafa nomunondo,
uye Israeri ichaenda kuutapwa,
zvirokwazvo kure nenyika yavo yechizvarwa.' "
12 Ipapo Amazia akati kuna Amosi, "Ibva muno, iwe muoni! Dzokera
kunyika yeJudha. Uzviwanire zvokudya zvako ikoko, uchiprofita ikoko.
13 Usaprofitazve paBheteri, nokuti iyi ndiyo nzvimbo tsvene yamambo uye
netemberi youmambo."
14 Amosi akapindura Amazia achiti, "Ndakanga ndisiri muprofita, kana
mwanakomana womuprofita, asi ndaiva mufudzi nomutariri wemionde
yemisikamo. 15 Asi Jehovha akanditora kubva paufudzi hwamakwai akati
kwandiri, 'Enda uprofite kuvanhu vangu Israeri.' 16 Zvino, chinzwa shoko
raJehovha. Iwe unoti,
"Usaprofita pamusoro paIsraeri,
uye rega kuparidza pamusoro peimba yaIsaka."
17 "Naizvozvo zvanzi naJehovha:
" 'Mukadzi wako achava chifeve muguta,
uye vanakomana nevanasikana vako vachaparadzwa nomunondo.
Nyika yako ichayerwa igoganhurwa,

uyezve iwe pachako uchafira munyika yevedzimwe ndudzi,
Uye zvirokwazvo Israeri ichaenda kuutapwa,
kure nenyika yavo yechizvarwa.' "

# 8

*Tswanda yemichero yakaibva*

1 Izvi ndizvo zvandakaratidzwa naIshe Jehovha: tswanda ine michero
yakaibva. 2 Akabvunza akati, "Unooneiko, Amosi?"
Ndakapindura ndichiti, "Tswanda ine michero yakaibva."
Ipapo Jehovha akati kwandiri, "Nguva yakwana kuvanhu vangu Israeri;
handingavararamisizve.
3 "Pazuva iro," ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha, "nziyo dzomutemberi
dzichashanduka dzigova kuchema. Mitumbi yevakafa ichava mizhinji.
Munzvimbo dzose icharaswa vanhu vanyerere."

4 Inzwai izvi imi munotsika-tsika vanoshayiwa
uye muchiparadza varombo venyika,
5 muchiti,
"Kugara kwoMwedzi kuchapfuura riniko
kuti tigotengesa zviyo,
uye kupera kweSabata
kuti tigotengesa gorosi?"
muchitapudza chiero,
muchikwidza mitengo
uye muchibiridzira nezvikero zvinonyengera,
6 muchitenga varombo nesirivha
uye vanoshayiwa neshangu,
muchitengesa kunyange makoto pamwe chete negorosi.

7 Jehovha apika noKuzvikudza kwaJakobho achiti, "Handizokanganwi
chinhu chipi nechipi zvacho chavakaita.

8 "Ko, nyika haingadederi nokuda kwaizvozvi here
uye vose vanogara mairi havangachemi?
Nyika yose ichadira seNairi,
ichabvongodzwa
uye igoderera sorwizi rweIjipiti.
9 "Pazuva iro," ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha,
"ndichaita kuti zuva rivire masikati makuru
uye ndichauyisa rima panyika masikati machena.
10 Ndichashandura mitambo yenyu yechinamato ive kuchema,
nokuimba kwose kuti kuve mhere.
Ndichaita kuti mose mupfeke masaga
uye mugoveura misoro yenyu.
Ndichaita kuti nguva iyi ive samariro omwanakomana akaberekwa ari mumwe oga,
uye magumo acho ave sezuva rakaipa kwazvo.

11 "Mazuva ari kuuya," ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha,
"andichatumira nzara panyika yose,
kwete nzara yezvokudya kana nyota yemvura,
asi nzara yokunzwa mashoko aJehovha.
12 Vanhu vachadzedzereka vachibva kugungwa
vachienda kune rimwe gungwa,
uye vachadzungaira vachibva kumusoro vachienda kumabvazuva,

vachitsvaka shoko raJehovha, asi havangariwani.
13 “Pazuva iro,
“mhandara dzakaisvonaka namajaya
akasimba vachaziya nenyota.
14 Avo vanopika nokunyadzisa kweSamaria, kana vanoti,
‘Namwari wako mupenyu, iwe Dhani,’ kana kuti,
‘Namwari waBheerishebha mupenyu,’
vachawa,
vasingazomukazve.”

# 9

*Israeri ichaparadzwa*

1 Ndakaona Jehovha amire parutivi rwearitari, uye akati,
“Rova misoro yembiru
kuti zvikumbaridzo zvizunguzike.
Zviputsire pasi pamisoro yevanhu vose;
avo vachasara ndichavauraya nomunondo.
Hapana kana mumwe chete achatiza,
hapana achapunyuka.
2 Kunyange vakachera kusvikira panoperera guva,
kubva imomo ruoko rwangu ruchavatora.
Kunyange vakakwira kumatenga,
kubva ikoko ndichavadzikisa pasi.
3 Kunyange vakazvivanza pamusoro peKarimeri,
ipapo ndichavavhima ndigovabata.
Kunyange vakahwanda kubva kwandiri pasi pegungwa,
ipapo ndicharayira nyoka kuti ivarume.
4 Kunyange vakaendeswa kuutapwa navavengi vavo,
ikoko ndicharayira munondo kuti uvaparadze.
Ndichanan’anidza meso angu pavari
kuti ndivaitire zvakaipa, kwete zvakanaka.”

5 Ishe, Jehovha Wamasimba Ose,
iye anobata nyika igonyungudika,
navose vagere mairi vagochema,
nyika yose inozara seNairi,
uye igoderera serwizi rweIjipiti,
6 iye anovaka muzinda wake kumatenga
agomisa hwaro hwawo panyika,
anodana mvura dzegungwa
agodzidururira pamusoro penyika,
Jehovha ndiro zita rake.

7 “Nhai imi vaIsraeri, ko,
hamusi kwandiri vamwe chete savaEtiopia here?”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Handina kubudisa Israeri kubva kuIjipiti here,
vaFiristia kubva kuKafitori
navaAramu kubva kuKiri?

8 “Zvirokwazvo meso aIshe Jehovha
ari paumambo hunotadza.

Ndichahuparadza
kubva pamusoro penyika,
asi handingaparadzi zvachose
imba yaJakobho,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
9 "Nokuti ndicharayira,
uye ndichazunguza imba yaIsraeri pakati pendudzi dzose,
sokuzunguzwa kunoitwa zviyo murusero,
uye hapana kana tsanga
imwe chete ichawira pasi.
10 Vatadzi vose pakati pavanhu vangu
vachafa nomunondo,
vose vanoti,
'Njodzi haingatiwiri kana kusangana nesu.'

### *Israeri inomutsidzirwa*

11 "Pazuva iro ndichamisazve
tende raDhavhidhi rakawa.
Ndichavakazve nzvimbo dzaro dzakaputsika,
ndigovakazve matongo aro,
uye ndicharivaka sezvarakanga rakaita,
12 kuti vazvitorere zvakasara zvaEdhomu
nendudzi dzose dzine zita rangu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha, iye achaita zvinhu izvi.
13 "Mazuva ari kuuya," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"mucheki paachapfuurwa nomurimi,
uye mudyari paachapfuurwa neanosvina mazambiringa.
Waini itsva ichadonha kubva kumakomo,
uye ichayerera kubva pazvikomo zvose.
14 Ndichadzosazve vanhu vangu vakatapwa, ivo vaIsraeri;
vachavakazve maguta akaitwa matongo uye vachagara maari.
Vachasima minda yemizambiringa vagonwa waini yayo.
Vacharima mapindu uye vachadya zvibereko zvawo.
15 Ndichasima Israeri munyika yavo voga,
havangazodzurwizve
kubva panyika yandakavapa,"

ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari wako.

# OBHADHIA

1 Zvakaratidzwa Obhadhia.
Zvanzi naIshe Jehovha pamusoro peEdhomu:
Takanzwa shoko rakabva kuna Jehovha richiti:
Nhume yakatumwa kundudzi kuti indotaura ichiti,
"Simukai, tiende tindorwa hondo naye."

2 "Tarirai, ndichakudukupisai pakati pendudzi;
muchamhurwa zvachose.
3 Kuzvikudza kwemwoyo yenyu kwakakunyengerai,
iyemi mugere mumikaha yamatombo
muchiita kwakakwirira misha yenyu,
imi munoti mumwoyo yenyu,
'Ndianiko angandiburutsira pasi?'
4 Kunyange mukabhururuka segondo
mukaruka dendere renyu pakati penyeredzi,
kubva ipapo ndichakukandai pasi,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.
5 "Kana mbavha dzikauya kwamuri,
kana makororo usiku,
haiwa, muchaparadzwa zvakadiniko?
Havazoba kusvikira pavanoda here?
Dai vatanhi vamazambiringa vaiuya kwamuri,
ko, havaizosiya mazambiringa mashoma here?
6 Asi Esau achasiyiwa seiko asina chinhu,
pfuma yake yakavigwa ichatorwa!
7 Vose vaiva nesungano newe vachakumanikidza kusvikira kumuganhu;
shamwari dzako dzichakunyengera dzigokukunda;
vanodya zvokudya zvako vachakuisira musungo,
asi haungazvizivi.

8 "Pazuva iro," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"handingazoparadzi vachenjeri veEdhomu,
varume vazere nokunzwisisa pakati pamakomo eEdhomu here?
9 Mhare dzako, iwe Temani,
dzichavhunduka,
uye vose vari mumakomo aEsau vachaparara pakuurayiwa ikoko.
10 Nokuda kwokuti wakarwisa munun'una wako Jakobho,
uchafukidzwa nenyadzi;
uchaparadzwa nokusingaperi.
11 Zuva iro rawakamira kure,
vatorwa pavakatakura pfuma yake vakaenda nayo,
uye vabvakure vakapinda mumasuo ake,
vakakanda mijenya pamusoro peJerusarema,
iwe wakaita somumwe wavo.
12 Haufaniri kutarisira munun'una wako pasi,
pazuva rokushayiwa kwake,
kana kufara pamusoro pavanhu veJudha,
pazuva rokuparadzwa kwavo,
kana kuzvikudza zvakanyanya

pazuva rokutambudzika kwavo.
13 Hamufaniri kufamba napamasuo avanhu vangu,
pazuva renjodzi yavo,
kana kuvatarisira pasi vava munjodzi,
pazuva renjodzi yavo,
kana kuvatorera pfuma yavo
pazuva renhamo yavo.
14 Hamufaniri kumira pamharadzano dzenzira,
kuti muuraye vanotiza vavo,
kana kuisa vakasara vavo kuvavengi vavo,
pazuva rokutambudzika kwavo.

15 “Zuva raJehovha rava pedyo
kundudzi dzose.
Sezvamakaita, ndizvo zvichaitwawo kwamuri;
mabasa enyu achadzokera pamisoro yenyu chaiyo.
16 Sezvamakanwa pagomo rangu dzvene,
saizvozvowo ndudzi dzose dzicharamba dzichingonwa;
dzichanwa nokunwa dzikaita
sedzisina kumbovapo.
17 Asi paGomo reZioni pachava nokununurwa;
richava dzvene,
uye imba yaJakobho
ichadzoserwa nhaka yayo.
18 Imba yaJakobho ichava moto,
uye imba yaJosefa murazvo womoto;
imba yaEsau ichava mashanga,
uye vachaipisa nomoto vagoipedza.
Hakuzovi navanopona
muimba yaEsau.”
Jehovha ataura izvozvo.

19 Vanhu vanobva kuNegevhi
vachagara mumakomo aEsau,
uye vanhu vanobva mujinga mezvikomo
vachatora nyika yavaFiristia kuti ive yavo.
Vachatora minda yaEfuremu pamwe chete neSamaria,
kuti zvive zvavo, uye Bhenjamini achatora Gireadhi kuti ive yake.
20 Ungano iyi yavaIsraeri vakadzingwa vagere muKenani
ichatora nyika kusvikira kuZarefati;
vakadzingwa kubva muJerusarema vagere muSefaradhi
vachatora maguta eNegevhi.
21 Vaponesi vachakwira pamusoro peGomo reZioni,
kuti vandotonga makomo aEsau.
Uye ushe huchava hwaJehovha.

# JONA

*Jona anotiza kubva pamberi paJehovha*

1 Shoko raJehovha rakasvika kuna Jona mwanakomana waAmitai,
richiti, 2 “Enda kuguta guru reNinevhe undoriparidzira, nokuti kuipa
kwaro kwasvika pamberi pangu.”

3 Asi Jona akatiza kubva pamberi paJehovha akananga kuTashishi. Ak-
aburuka akaenda kuJopa, kwaakawana chikepe chaienda ikoko. Mushure
mokubvisa mari yokufambisa, akakwidza ndokuenda kuTashishi kuti
atize kubva kuna Jehovha.

4 Ipapo Jehovha akatuma mhepo huru pagungwa, uye dutu raipenga
kwazvo rikamuka zvokuti chikepe chakada kutsemuka-tsemuka.
5 Vafambisi vose vechikepe vakatya uye mumwe nomumwe akachema
kuna mwari wake. Vakakanda nhumbi mugungwa kuti chikepe chireruke.
Asi Jona akanga aenda pasi mukati mechikepe maakasvikovata uye
akakotsira hope huru. 6 Mukuru wavachairi akaenda kwaari akati, “Un-
garare sei iwe? Muka udane kuna mwari wako! Zvimwe angatirangarira
tikasaparara.”

7 Ipapo vafambisi vechikepe vakati kuno mumwe nomumwe, “Uyai,
tikande mijenya kuti tione kuti ndiani aita kuti tiwirwe nenjodzi iyi.”
Vakakanda mijenya, mijenya ikawira pana Jona.

8 Saka vakamubvunza vakati, “Tiudze, ndiani aita kuti matambudziko
ose aya atiwire? Unoita basa reiko? Unobvepiko? Nyika yako inonzi ani?
Uri worudzi rupi?”

9 Akapindura akati, “Ndiri muHebheru, uye ndinonamata Jehovha,
Mwari wokudenga, akaita gungwa nenyika.”

10 Izvi zvakavatyisa uye vakabvunza vakati, “Watadzeiko?” (Vaiziva kuti
aitiza kubva pamberi paJehovha, nokuti akanga atovaudza kudaro.)

11 Gungwa rakanga rotonyanya kupenga. Saka vakamubvunza vakati,
“Ko, tinofanira kuitei kwauri kuti gungwa ritidzikamire?”

12 Akapindura achiti, “Ndisimudzei mundikande mugungwa, ipapo
richanyarara. Ndinoziva kuti mhosva yangu ndiyo yaita kuti dutu guru
iri rikuwirei.”

13 Pachinzvimbo chaizvozvo varume vakaedza napavaigona napo kuti
vadzokere kunyika. Asi vakakoniwa, nokuti gungwa rakatonyanyisa ku-
penga kupfuura zvapakutanga. 14 Ipapo vakachema kuna Jehovha vakati,
“Haiwa Jehovha, tapota musatiuraya nemhaka youpenyu hwomunhu
uyu. Musatipa mhosva yokuuraya munhu asina mhaka, nokuti, iyemi
Jehovha maita sokuda kwenyu.” 15 Ipapo vakatora Jona vakamukanda
mugungwa, uye gungwa rikanyarara pakupenga kwaro. 16 Nokuda
kwaizvozvi vakatya Jehovha kwazvo, uye vakabayira Jehovha chibayiro
vakaita mhiko kwaari.

17 Asi Jehovha akatuma hove huru kuti izomedza Jona, uye Jona akava
mudumbu mehove kwamazuva matatu nousiku hutatu.

## 2

*Munyengetero waJona*

1 Kubva mudumbu rehove Jona akanyengetera kuna Jehovha Mwari
wake. 2 Akati:

"Mudambudziko rangu ndakadana kuna Jehovha,
iye akandipindura.
Kubva mukati meguva ndakadanidzira kuti ndibatsirwe,
uye imi makanzwa kuchema kwangu.
3 Makandikandira makadzika,
mumwoyo chaimo megungwa,
uye mvura zhinji ikandikomberedza;
mafungu enyu ose namapopoma enyu ose
zvakapfuura napamusoro pangu.
4 Ndakati, 'Ndaraswa kubva
pamberi penyu,
asi ndichatarirazve ndakaringa
kutemberi yenyu tsvene.'
5 Mvura zhinji dzandikomberedza dzikandityisa;
pakadzikadzika pakandikomberedza;
sora regungwa rakamonera musoro wangu.
6 Kumidzi yamakomo ndakanyura;
nyika yapasi yakandipfigiramo nokusingaperi.
Asi makaburitsa upenyu hwangu kubva mugomba,
imi Jehovha Mwari wangu.

7 "Upenyu hwangu pahwakanga hwotiza,
ndakakurangarirai, imi Jehovha,
uye munyengetero wangu wakauya kwamuri,
kutemberi yenyu tsvene.

8 "Vaya vanobatirira kuzvifananidzo zvisina maturo,
vanorasa nyasha dzingadai dziri dzavo.
9 Asi ini, norwiyo rwokuvonga,
ndichabayira kwamuri.
Zvandakapika ndichazvizadzisa.
Ruponeso runobva kuna Jehovha."
10 Uye Jehovha akarayira hove, ikandorutsira Jona panyika yakaoma.

# 3

*Jona anoenda kuNinevhe*

1 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kuna Jona kechipiri richiti, 2 "Enda
kuguta reNinevhe undoriparidzira shoko randinokupa."
3 Jona akateerera shoko raJehovha akaenda kuNinevhe. Zvino Ninevhe
raiva guta guru kwazvo, rwendo rwamazuva matatu. 4 Pazuva rokutanga
Jona akapinda muguta. Akaparidza achiti, "Kwasara mazuva makumi
mana, mushure maizvozvo Ninevhe richaparadzwa." 5 Vanhu veNinevhe
vakatenda kuna Mwari. Vakatara nguva yokutsanya, uye vose zvavo,
kubva kumukuru mukuru kusvikira kumuduku duku vakapfeka masaga.
6 Nhau idzi padzakasvika kuna mambo weNinevhe, akasimuka kubva
pachigaro chake, akabvisa nguo dzake dzoumambo, akazvifukidza na-
masaga akagara mumadota. 7 Ipapo akazivisa chirevo muNinevhe, achiti:
"Chirevo chamambo namachinda ake:

"Musarega munhu kana mhuka, chipfuwo kana gwai, zvichiravira
chinhu; musazvirega zvichidya kana kunwa. 8 Asi vanhu nemhuka

ngavafuke masaga. Munhu wose ngaadane kuna Mwari iye zvino.
Ngavasiye nzira dzavo dzakaipa nokuita kwavo nechisimba. 9 Ndiani
anoziva? Zvichida Mwari angazvidemba uye netsitsi dzake akazvidzora
kubva pakutsamwa kwake kunotyisa kuti tirege kuparara."
10 Mwari akati aona zvavakaita uye kutendeuka kwavakaita kubva
panzira dzavo dzakaipa, akavanzwira tsitsi akasauyisa kuparadzwa pa-
musoro pavo sezvaaida kuvaitira.

# 4

*Kutsamwa kwaJona nokuda kwetsitsi dzaJehovha*

1 Asi Jona haana kufadzwa nazvo uye akatsamwa. 2 Akanyengetera
kuna Jehovha akati, "Imi Jehovha, izvi hazvisizvo here zvandakataura
ndiri kunyika yangu? Ndokusaka ndakakurumidza kutiza ndichienda
kuTashishi? Ndaiziva kuti muri Mwari ane tsitsi nenyasha, anononoka
kutsamwa uye azere norudo, Mwari anozvidzora pakutumira zvakaipa.
3 Zvino, imi Jehovha, torai zvenyu upenyu hwangu, nokuti zviri nani kuti
ndife zvangu pano kurarama."
4 Asi Jehovha akapindura akati, "Zvakanaka here kuti utsamwe?"
5 Jona akabuda akaenda akandogara pasi kunze kweguta nechokumab-
vazuva. Ikoko akazvivakira dumba, akagara mumumvuri waro ndoku-
mirira kuti aone zvaizoitika kuguta. 6 Ipapo Jehovha Mwari akameresa
muti womuzambiringa, akauita kuti ukure kumusoro kwaJona kuti uite
mumvuri pamusoro pake, kuti shungu dzake dzidzikire, uye Jona akafara
kwazvo nokuda kwomuzambiringa. 7 Asi chifumi chezuva rakatevera
Mwari akatuma gonye rikadya muzambiringa uyu zvokuti wakasvava.
8 Zuva rakati richibuda, Mwari akatuma mhepo yokumabvazuva yaipisa
kwazvo, uye zuva rikabaya pamusoro paJona zvokuti akaziya. Akademba
kufa, uye akati, "Zvingava nani kuti ndife zvangu pano kurarama."
9 Asi Mwari akati kuna Jona, "Zvakanaka here kuti utsamwe nokuda
kwomuzambiringa uyu?"
Iye akati, "Hongu, ndakatsamwa zvokuti ndife."
10 Asi Jehovha akati, "Iwe wanga une hanya nomuzambiringa uyu,
kunyange zvazvo usina kuuchengeta kana kuukudza. Wakabuda nousiku
humwe uye ukaparara nousiku humwe. 11 Asi Ninevhe rine vanhu
vanopfuura zviuru zana namakumi maviri avanhu vasingazivi kuti ruoko
rwavo rworudyi ndorupi kana rworuboshwe ndorupi, uye nemombe
zhinjiwo. Handingavi nehanya here neguta iro guru?"

# MIKA

1 Shoko raJehovha rakauya kuna Mika weMoresheti panguva yokutonga
kwaJotamu, Ahazi naHezekia, madzimambo aJudha, chiratidzo chaakaona
pamusoro peSamaria neJerusarema.
2 Inzwai, imi marudzi avanhu, imi mose,
teerera, iwe nyika navose vari mauri,
kuti Ishe Jehovha achakupai mhosva,
Jehovha ari mutemberi yake tsvene.

### *Kutongwa kweSamaria neJerusarema*

3 Tarirai! Jehovha ari kubuda panzvimbo yaanogara:
anoburuka pasi agotsika panzvimbo dzakakwirira dzenyika.
4 Makomo achanyongodeka pasi pake
uye mipata ichapamuka,
senamo pamoto,
semvura inoyerera pamawere.
5 Zvose izvi zvakaitika nokuda kwokudarika kwaJakobho,
nokuda kwezvivi zveimba yaIsraeri.
Kudarika kwaJakobho ndokweiko?
Hakuzi Samaria here?
Nzvimbo yakakwirira yaJudha ndeipiko?
Haizi Jerusarema here?

6 "Naizvozvo ndichaita Samaria murwi wamabwe,
nzvimbo yokusima minda yemizambiringa.
7 Zvose zvifananidzo zvaro zvichaputswa kuita zvimedu;
zvose zvipo zvaro zvomutemberi zvichapiswa nomoto;
ndichaparadza zvifananidzo zvaro zvose.
Sezvo akaunganidza zvipo zvake kubva pamibayiro yezvifeve,
semibayiro yezvifeve zvichazoshandiswa zvakare."

### *Kuchema noKuungudza*

8 Nokuda kwaizvozvo ndichachema uye ndigoungudza;
ndichafamba ndisina shangu mutsoka uye ndisina kupfeka.
Ndichaungudza segava
uye ndichachema sezizi.
9 Nokuti ronda rake harirapiki;
rasvika kuna Judha.
Rasvika pasuo ravanhu vangu chaipo,
kunyange kuJerusarema chaiko.
10 Musazvireva paGati;
musambochema.
MuBheti Ofira
umburukai muguruva.
11 Pfuurai muende musina kupfeka mukunyara,
imi munogara muShafiri.
Avo vanogara muZaanani
havangabudi kunze.
Bheti Ezeri riri mukuchema;
kudzivirirwa kwaro kwabviswa kubva kwariri.

12 Avo vanogara muMaroti mukurwadziwa kukuru
vakamirira kudzikinurwa,
nokuti njodzi yasvika ichibva kuna Jehovha,
kunyange pasuo reJerusarema.
13 Imi vanogara muRakishi,
sungai mabhiza enyu pangoro.
Ndimi makava mavambo echivi
kuMwanasikana weZioni,
Nokuti kudarika kwaIsraeri
kwakawanikwa mamuri.
14 Naizvozvo uchapa zvipo zvokuonekedzana
kuna Moresheti Gati.
Guta reAkizibhi richaratidza unyengeri
kumadzimambo aIsraeri.
15 Ndichauyisa mukundi
kwauri iwe unogara muMaresha.
Iye anova kubwinya kwaIsraeri
achauya kuAdhuramu.
16 Veurai misoro yenyu mukuchema
nokuda kwavana vamunofarira;
zviitei musvuu sowegora,
nokuti vachabva kwamuri vachienda kuutapwa.

# 2

*Urongwa hwoMunhu nohwaMwari*

1 Vane nhamo avo vanoronga zvakaipa,
avo vanoronga zvakaipa pamibhedha yavo!
Pakuedza kwamangwanani vanozviita
nokuti zviri musimba ravo kuzviita.
2 Vanochiva minda vagoipamba,
nedzimba, uye vagodzitora.
Vanobira munhu imba yake,
nomuvakidzani nhaka yake.
3 Naizvozvo Jehovha anoti,
"Ndiri kuronga njodzi yokurwisa nayo vanhu ava,
zvamusingagoni kuzvidzivirira kwazviri.
Hamuchazofambizve muchizvikudza,
nokuti ichava nguva yedambudziko.
4 Pazuva iro vanhu vachakutukai;
vachakudenhai norwiyo urwu rwokuchema:
'Taitwa dongo chose;
pfuma yavanhu vangu yagovaniswa.
Anonditorera!
Anopa minda yedu kuna vanotimukira?' "

5 Naizvozvo muchashayiwa munhu kana mumwe, muungano yaJehovha,
kuti agove nyika nemijenya.

*Vaprofita venhema*

6 Vaprofita vavo vanoti, "Musaprofita,
musaprofita pamusoro pezvinhu izvi;
kunyadziswa hakungatibati."
7 Zvingataurwe here, nhai imi imba yaJakobho, kuti:

“Ko, mweya waJehovha watsamwa here?
Iye anoita zvinhu zvakadaro here?”

“Ko, mashoko angu haaiti zvakanaka here
kuno uyo ane nzira dzake dzakarurama?
8 Asi mazuva ano vanhu vangu
vakandimukira somuvengi.
Munobvisa majasi anokosha
pane avo vanopfuura musina kana hanya,
savarume vodzoka kubva kuhondo.
9 Munodzinga madzimai avanhu vangu
kubva mudzimba dzavo dzakanaka.
Munotora ropafadzo yangu
kubva kuvana vavo nokusingaperi.
10 Simukai, ibvai pano!
Nokuti ino haisi nzvimbo yenyu yokuzororera,
nokuti yakasvibiswa,
yakaparadzwa zvisingagadziriki.
11 Kana munyepi nomunyengeri akauya oti,
‘Ndichakuprofitirai waini zhinji nedoro,’
iyeyu achava muprofita wavanhu ava!

*Kudzikinurwa kunovimbiswa*

12 “Zvirokwazvo ndichakuunganidzai imi mose, iwe Jakobho;
zvirokwazvo ndichaunganidza pamwe chete vakasara vaIsraeri.
Ndichavaunganidza pamwe chete samakwai muchirugu,
seboka pamafuro aro; nzvimbo yacho ichazara navanhu.
13 Uyo achaparura nzira achaenda pamberi pavo;
vachapwanya napasuo vagobuda panze.
Mambo wavo achapfuura ari pamberi pavo,
Iye Jehovha achivatungamirira.”

# 3

*Vatungamiri naVaprofita vanotsiurwa*

1 Ipapo ndakati,
“Teererai imi vatungamiri vaJakobho,
imi vatongi veimba yaIsraeri.
Hamufaniri kuziva kururamisira here,
2 imi munovenga zvakanaka muchida zvakaipa;
munofunura ganda
pamapfupa;
3 munodya nyama yavanhu vangu,
munobvisa ganda ravo,
muchivhuna mapfupa avo kuita zvidimbu;
munovatema-tema senyama yokuisa mupani,
senyama yomuhari?”

4 Ipapo vachadana kuna Jehovha,
asi haangavadaviri.
Panguva iyoyo achavanza chiso chake
kwavari nokuda kwezvakaipa zvavakaita.
5 Zvanzi naJehovha:

"Kana vari vaprofita vanotsausa vanhu vangu,
kana mumwe akavapa zvokudya,
vanodanidzira kuti 'Rugare'; kana akasavapa,
vanogadzirira kumurwisa.
6 Naizvozvo usiku huchauya pamusoro pako,
pasina zviratidzo, nerima, pasina kuvuka.
Zuva richavirira vaprofita,
uye masikati achavasvibira.
7 Vaoni vachanyadziswa
uye vavuki vachanyadziswa.
Vachafukidza zviso zvavo
nokuti hakuna mhinduro inobva kuna Jehovha."

8 Asi kana ndirini, ndizere nesimba,
noMweya waJehovha,
uye nokururamisira nesimba,
kuti ndizivise Jakobho kudarika kwake naIsraeri chivi chake.
9 Inzwai izvi, imi vatungamiri veimba yaJakobho,
imi vatongi veimba yaIsraeri,
munozvidza kururamisira
uye munominamisa zvose zvakanaka;
10 munovaka Zioni nokudeura ropa,
uye Jerusarema nouipi.
11 Vatungamiri varo vanotongera fufuro,
vaprista varo vanodzidzisa kuti vapiwe mubayiro,
uye vaprofita varo vanoprofita kuti vapiwe mubayiro.
Asi vanozendama pana Jehovha voti,
"Ko, Jehovha haasi pakati pedu here?
Hapana njodzi ingatiwira."
12 Naizvozvo nokuda kwenyu,
Zioni richarimwa somunda,
Jerusarema richava murwi wamabwe,
pachikomo pamire temberi, pachava dondo.

# 4

*Gomo raJehovha*

1 Mumazuva okupedzisira
gomo retemberi yaJehovha richasimbiswa
segomo guru pakati pamakomo;
richasimudzwa pamusoro pezvikomo,
uye marudzi achaenda kwariri.
2 Ndudzi zhinji dzichauya dzichiti,
"Uyai, handei kugomo raJehovha,
kuimba yaMwari waJakobho.
Achatidzidzisa nzira dzake,
kuti tigofamba munzira dzake."
Murayiro uchabuda kubva paZioni,
shoko raJehovha kubva paJerusarema.
3 Achatonga pakati pamarudzi mazhinji
uye achapedza gakava pakati pendudzi dzine simba dziri kure kure.
Vachapfura minondo yavo vagoiita mapadza,
namapfumo vachiaita mapanga okuchekerera miti.

Rudzi harungasimudziri rumwe rudzi munondo,
havangazodzidzirizve kurwa.
4 Mumwe nomumwe achagara pasi pomuzambiringa wake,
napasi pomuonde wake,
uye hapana anozovaita kuti vatye,
nokuti Jehovha Wamasimba Ose ataura.
5 Ndudzi dzose dzingafamba
muzita ravamwari vadzo;
isu tichafamba muzita raJehovha
Mwari wedu nokusingaperi-peri.

*Urongwa hwaJehovha*

6 “Pazuva iro,” ndizvo zvinotaura Jehovha,
“Ndichaunganidza vakaremara;
ndichaunganidza vakadzingwa
neavo vandakatambudza.
7 Ndicharemadza vakasara,
vaya vakadzingwa, ivo rudzi rwakasimba.
Jehovha achavatonga paGomo reZioni
kubva pazuva iroro nokusingaperi.
8 Kana uri iwe, chirindo cheboka
iwe nhare yoMwanasikana weZioni,
ushe hwakare huchadzoswa kwauri;
umambo huchauya kuMwanasikana weJerusarema.”

9 Sei muchiridza mhere iye zvino,
hamuna mambo here?
Gota renyu raparara here zvokuti kurwadza
kwakubatai sekwomukadzi anosununguka?
10 Tambura ugomere,
iwe Mwanasikana weZioni,
somukadzi ari pakusununguka,
nokuti zvino unofanira kubuda muguta unogara kusango.
Uchaenda kuBhabhironi;
ikoko uchandonunurwa.
Ikoko Jehovha achakudzikinura
kubva paruoko rwavavengi vako.

11 Asi zvino ndudzi zhinji
dzakaunganira kuzokurwisa.
Vanoti, “Ngaasvibiswe,
maziso edu ngaatarise Zioni!”
12 Asi havazivi
pfungwa dzaJehovha;
havanzwisisi kuronga kwake,
iye anovaunganidza sezvisote paburiro.

13 “Simuka upure, iwe Mwanasikana weZioni,
nokuti ndichakupa nyanga dzesimbi;
ndichakupa mahwanda endarira
uye uchapwanya kuita zvidimbu ndudzi zhinji.”

Uchatsaurira kuna Jehovha zvavakazviwanira nenzira dzavo,
upfumi hwavo kuna Ishe wenyika yose.

# 5

*Mutongi akavimbiswa kubva kuBheterehema*

1 Unganidza mauto ako, iwe guta ramauto,
nokuti takombbwa nomuvengi.
Vacharova mutongi waIsraeri
netsvimbo padama.
2 "Asi iwe, Bheterehema Efurata,
kunyange uri muduku pakati pamarudzi aJudha,
kwauri kuchandibudira mumwe
achava mutongi pamusoro peIsraeri,
mavambo ake ndeakare kare,
kubva pamazuva akare kare."

3 Naizvozvo Israeri achasiyiwa
kusvikira panguva iyo, iye anorwadziwa azvara
uye hama dzake dzose
dzadzoka kuzobatana navaIsraeri.

4 Achamira agofudza boka rake
musimba raJehovha,
muukuru hwezita raJehovha Mwari wake.
Uye vachagara norugare,
nokuti ipapo kukura kwake kuchasvika kumagumo enyika.
5 Uye iye achava rugare rwavo.

*Kudzikinurwa noKuparadzwa*

MuAsiria paacharwisa nyika yedu
agofamba achipfuura nomunhare dzedu,
tichamumutsira vafudzi vanomwe
kuti vamurwise kunyange vatungamiri vasere vavanhu.
6 Vachatonga nyika yeAsiria nomunondo,
nyika yaNimurodhi nomunondo wakavhomorwa.
Achatirwira kubva kumuAsiria
paachapinda munyika yedu
nokupinda pamiganhu yedu.

7 Vakasara vaJakobho vachava
pakati pamarudzi akawanda,
sedova rinobva kuna Jehovha,
sokunaya kwemvura pauswa,
zvisingamiriri munhu
kana kugaririra vanhu.
8 Vakasara vaJakobho vachava pakati pendudzi,
pakati poruzhinji rwamarudzi,
seshumba pakati pezvikara zvesango,
seshumba duku pakati pamapoka amakwai,
inotsika uye inobvambura ichienda,
pasina anogona kununura.
9 Ruoko rwenyu ruchasimudzwa mukukunda
uye vadzivisi venyu vose vachaparadzwa.
10 "Pazuva iro," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"ndichaparadza mabhiza enyu pakati penyu
uye ndichapwanya ngoro dzenyu.

11 Ndichaparadza maguta enyika yenyu
uye ndichaputsa nhare dzenyu dzose.
12 Ndichaparadza uroyi hwako
uye hauchazovizve navavuki.
13 Ndichaparadza zvifananidzo zvenyu
zvakavezwa neshongwe dzenyu pakati penyu;
hamuchazokotamiri
kubasa ramaoko enyu.
14 Ndichadzura kubva pakati penyu matanda aAshera
uye ndichaparadza maguta enyu.
15 Ndichatsiva nokutsamwa nehasha
kundudzi dzisina kunditeerera."

# 6

*Jehovha anopa Israeri mhosva*

1 Teererai zvinotaurwa naJehovha:
"Simukai, taurai nyaya yenyu pamberi pamakomo;
zvikomo ngazvinzwe zvamunoda kutaura.
2 Chinzwai imi makomo, kupomera kwaJehovha;
teererai, imi hwaro hwenyika hunogara nokusingaperi.
Nokuti Jehovha ane mhosva yaari kupa vanhu vake;
anopa Israeri mhosva.

3 "Vanhu vangu, chiiko chandakakuitirai?
Ndakakuremedzai neiko? Ndipindurei.
4 Ndakakubudisai kubva muIjipiti
uye akakudzikinurai kubva munyika youranda.
Ndakatuma Mozisi kuti azokutungamirirai,
naAroniwo naMiriamu.
5 Vanhu vangu,
rangarirai zvakaranganwa naBharaki mambo weMoabhu
nezvakapindurwa naBharamu mwanakomana waBheori.
Rangarirai rwendo rwenyu kubva kuShitimu kusvika kuGirigari,
kuti mugoziva mabasa akarurama aJehovha."

6 Ndichauya neiko pamberi paJehovha.
Uye ndigokotama sei pamberi paMwari anokudzwa?
Ndingauye pamberi pake nezvibayiro
zvinopiswa nemhuru dzine gore rimwe here?
7 Ko, Jehovha angafadzwa nezviuru zvamakondobwe,
uye nezviuru gumi zvenzizi dzamafuta here?
Ndingapa dangwe rangu nokuda kwokudarika kwangu,
icho chibereko chomuviri wangu pamusoro pokutadza kwomweya wangu here?
8 Akakuratidza, iwe munhu, kuti zvakanaka ndezvipi.
Uye ndezvipi zvinodiwa naJehovha kubva kwauri?
Kuita zvakarurama uye kufarira kunzwira ngoni,
nokufamba naMwari wako wakazvininipisa.

*Mhosva yeIsraeri nokurangwa kwayo*

9 Teererai! Jehovha anodanidzira kuguta,
uye kutya zita renyu ndihwo uchenjeri:

“Chenjererai shamhu naIye akaituma.
10 Ndichazokanganwa here, iwe imba yakaipa,
upfumi hwako hwakawanikwa nenzira dzakaipa,
nechiero cheefa chakatapudzwa, chakatukwa?
11 Ndingaregerera munhu ane chiero
chinonyengera nesaga rezviero zvenhema here?
12 Vapfumi vake vanoita nechisimba;
vanhu vake varevi venhema,
uye miromo yavo inotaura nokunyengera.
13 Naizvozvo, ndatotanga kukuparadzai,
kukuitai dongo nokuda kwezvivi zvenyu.
14 Muchadya asi hamungaguti:
dumbu renyu richaramba risina chinhu.
Muchaisa mudura asi mugoshaya zvamachengeta,
nokuti zvamunounganidza ndichazviparadza nomunondo.
15 Muchadyara asi hamungakohwi;
muchasvina maorivhi asi hamungazori mafuta acho,
muchasvina mazambiringa asi hamunganwi waini yacho.
16 Makachengeta zvirevo zvaOmuri
uye namabasa ose eimba yaAhabhu, uye makatevera tsika dzavo.
Naizvozvo ndichakuisai mukuparadzwa,
nevanhu venyu mukusekwa;
muchatakura kushorwa kwendudzi.”

# 7

*Nhamo yeIsraeri*

1 Inhamoi yandinayo!
Ndafanana nouya anounganidza michero
yezhizha inosara mumunda wemizambiringa pakukohwa;
hapana sumbu ramazambiringa rokudya,
kana maonde okutanga andinopanga.
2 Vanhu vano umwari vabviswa panyika;
hapana mumwe akarurama asara.
Vanhu vose vanovandira kuti vateure ropa;
mumwe nomumwe anovhima hama yake nomumbure.
3 Maoko ose ari maviri ane unyanzvi pakuita zvakaipa;
mubati anomanikidzira vanhu kuti vamupe zvipo,
mutongi anotambira fufuro,
vane simba vanomanikidzira zvido zvavo;
vose vanozvironga pamwe chete.
4 Akanaka kupfuura vose akangoita sorukato,
vakarurama kupfuura vose vakaipa kupfuura ruzhowa rweminzwa.
Zuva renharirire dzenyu rasvika,
zuva rokushanyirwa kwenyu naMwari.
Zvino ino ndiyo nguva yokukanganiswa kwavo.
5 Rega kuvimba nomuvakidzani wako;
usavimba neshamwari yako.
Kunyange nomukadzi wawakagumbatira,
uchenjerere mashoko ako.
6 Nokuti mwanakomana anozvidza baba vake,
mwanasikana anomukira mai vake,
muroora anomukira vamwene vake;

vavengi vomunhu ndivo vanhu vemhuri yake.
7 Asi kana ndirini, ndinomirira netariro kuna Jehovha,
ndinomirira Mwari Muponesi wangu;
Mwari wangu achandinzwa.

*Israeri ichasimuka*

8 Usafara pamusoro pangu, iwe muvengi wangu!
Kunyange ndakawira pasi, ndichasimuka.
Kunyange ndigere murima,
Jehovha achava chiedza changu.
9 Nokuti ndakamutadzira,
ndichatakura kutsamwa kwaJehovha,
kusvikira andireverera mhosva yangu
uye asimbisa kodzero yangu.
Achandibudisira kuchiedza,
ndichaona kururama kwake.
10 Ipapo muvengi wangu achazviona
uye achafukidzwa,
iye akati kwandiri,
"Aripiko Jehovha Mwari wako?"
Meso angu achaona kuwa kwake;
kunyange iye zvino achatsikwa
pasi petsoka sematope mumigwagwa.

11 Zuva rokuvaka masvingo enyu richasvika,
zuva rokuwedzerwa kwemiganhu yenyu.
12 Pazuva iro vanhu vachauya kwauri
vachibva kuAsiria namaguta eIjipiti,
kunyange kubva kuIjipiti kusvikira kuYufuratesi,
uye kubva kugungwa kusvika kune rimwe gungwa,
nokubva kugomo kusvika kune rimwe gomo.
13 Nyika ichava dongo nokuda kwavagari vayo,
nokuda kwamabasa avo.

*Munyengetero noKurumbidza*

14 Fudza vanhu vako nomudonzvo wako,
boka renhaka yako,
rinogara roga musango,
mumafuro akanaka.
Rega afure muBhashani reGireadhi
samazuva ekare.

15 "Sapamazuva amakabuda kubva muIjipiti,
ndichavaratidza zvishamiso zvangu."

16 Ndudzi dzichazviona uye dzichanyadziswa,
dzisisina simba radzo rose.
Vachabata miromo yavo
uye nzeve dzavo dzichadzivira.
17 Vachananzva guruva senyoka,
sezvipuka zvinokambaira pasi.
Vachabuda vachidedera kubva munzvimbo dzavo dzokuvanda;
vachadzoka vachitya kuna Jehovha Mwari wedu,
uye vachakutyai.

18 Ndiani Mwari akaita semi,
anoregerera chivi uye anokanganwira
kudarika kwavakasara venhaka yake?
Hamugari makatsamwa nokusingaperi,
asi munofarira kunzwira ngoni.
19 Muchava nenyasha kwatiri zvakare;
muchatsikira zvivi zvedu pasi petsoka
uye muchakanda kuipa kwedu kwose pakadzikadzika mugungwa.
20 Muchava makatendeka kuna Jakobho,
mucharatidza nyasha kuna Abhurahama,
sezvamakapika mhiko kumadzibaba edu
mumazuva akare.

# NAHUMI

1 Chirevo pamusoro peNinevhe. Bhuku rezvakaonekwa naNahumi muErikoshi.

*Kutsamwa kwaJehovha pamusoro peNinevhe*

2 Jehovha ane godo uye ndiMwari anotsiva;
Jehovha anotsiva uye azere nehasha.
Jehovha anotsiva kuvavengi vake
uye anochengetera vavengi vake hasha dzake.
3 Jehovha anononoka kutsamwa uye ane simba guru;
Jehovha haangasiye ane mhosva asina kurangwa.
Nzira yake iri muchamupupuri nedutu,
uye makore ndiwo guruva retsoka dzake.
4 Anotuka gungwa agoriomesa;
anoita kuti nzizi dzose dziome.
Bhashani neKarimeri zvasvava
uye kutumbuka kweRebhanoni kwapera.
5 Makomo anodengenyeka pamberi pake
uye zvikomo zvinonyungudika.
Nyika inodedera pamberi pake,
nyika uye navose vanogara mairi.
6 Ndiani angadzivisa hasha dzake?
Ndiani angashingirire pahasha dzake dzinotyisa?
Hasha dzake dzadururwa somoto;
matombo apwanyika pamberi pake.
7 Jehovha akanaka,
utiziro panguva dzokutambudzika.
Anochengeta avo vanovimba naye,
8 asi namafashamu ane simba guru,
achaparadza Ninevhe;
achateverera vavengi vake kusvikira murima.

9 Zvose zvavakaronga pamusoro paJehovha
iye achazviparadza;
dambudziko haringauyi kechipiri.
10 Vachakorokodzwa pakati peminzwa
uye vachadhakwa newaini yavo;
vachaparadzwa samashanga akaoma.
11 Kubva mauri, iwe Ninevhe,
pane mumwe akabuda anoronga zvakaipa pamusoro paJehovha
uye anopa zano rakaipa.
12 Zvanzi naJehovha:
"Kunyange vane vabatsiri uye vakawanda,
vachaurayiwa vakasazovapozve.
Kunyange ndakakutambudza, iwe Judha,
handichazokutambudzazve.
13 Zvino ndichavhuna joko ravo kubva pamutsipa wako
uye ndichadambura ngetani dzako."

14 Jehovha arayira shoko pamusoro pako, iwe Ninevhe, rokuti,

“Hauchazovi nezvizvarwa zvinopiwa zita rako.
Ndichaparadza zvifananidzo zvakavezwa nezvifananidzo zvakaumbwa,
zviri mutemberi yavamwari vako.
Ndichachera guva rako,
nokuti iwe wakaipa kwazvo.”

15 Tarira, pamakomo apo,
tsoka dzouyo anouya namashoko akanaka,
anoparidza rugare!
Pemberera mitambo yako, iwe Judha,
uye uzadzise mhiko dzako.
Vakaipa havachakurwisazve;
vachaparadzwa zvachose.

# 2

*Ninevhe richawa*

1 Murwisi anouya kuzokurwisa iwe, Ninevhe;
rindai nhare,
tarirai kunzira,
sungai zviuno zvenyu,
unganidzai simba renyu rose!
2 Jehovha achadzosa kurumbidzwa kwaJakobho
sokurumbidzwa kwaIsraeri,
kunyange vaparadzi vakavaparadza
uye vakaparadza mizambiringa yavo.

3 Nhoo dzavarwi vake dzatsvuka;
mhare dzokurwa dzapfeka nguo tsvuku.
Matare engoro ovaima
pazuva rokugadzirirwa kwadzo;
mapfumo omupaini anovheyeswa-vheyeswa.
4 Ngoro dzovirima mumigwagwa,
dzinomhanya dzichienda nokudzoka muchivara.
Dzinoita samazhenje omoto;
dzinomhanya-mhanya semheni.

5 Anodana mauto ake akasarudzwa,
asi vanogumburwa panzira yavo.
Vanomhanyira kurusvingo rweguta;
nhoo yokuzvidzivirira yaiswa panzvimbo payo.
6 Masuo enzizi azarurwa
uye muzinda wamambo wakoromoka.
7 Shoko ratemwa rokuti guta
ritapwe, uye riendeswe kure.
Varandakadzi varo vanochema senjiva
uye vanorova zvipfuva zvavo.
8 Ninevhe rakafanana nedziva,
uye mvura yaro iri kuerera ichipera.
Vanochema vachiti, “Mirai! Mirai!”
asi hapana anocheuka.
9 Pambai sirivha!
Pambai goridhe!

Kuwanda kwazvo hakuperi,
ihwo upfumi hunobva pamhando dzose dzepfuma yaro!
10 Rabirwa, rapambwa, ratorerwa zvose!
Mwoyo yanyungudika, mabvi odedera,
miviri yobvunda, zviso zvose zvachenuruka.

11 Riripiko bako reshumba,
nzvimbo yadzaipira vana vadzo zvokudya,
kwaienda shumba nehadzi yayo,
uye navana, pasina chokutya.
12 Shumba yaiuraya zvaikwanira vana vayo
uye yakadzipira hadzi yayo nyama,
ichizadza mapako ayo nezvayakauraya
uye mapako ayo nenyama.

13 "Ndine mhaka newe,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
"Ndichapisa ngoro dzenyu dzive utsi,
uye munondo uchaparadza shumba dzenyu duku.
Ndichakusiyai musina nyama panyika.
Mazwi enhume dzako haangazonzwikazve."

# 3

*Ninevhe rine nhamo*

1 Rine nhamo guta reropa,
rizere nenhema,
rizere nezvakapambwa,
harigari risina varinotambudza!
2 Kurira kwetyava,
utsvikitsviki hwamavhiri,
mutsindo wamabhiza
nomubvumo wokutinhira kwengoro!
3 Kumhanya kwavatasvi vamabhiza,
kupenya kweminondo
namapfumo anovaima!
Vazhinji vakaurayiwa,
mirwi yevakafa,
mitumbi isingaverengeki,
vanhu vachigumburwa nezvitunha.
4 Zvose izvi nokuda kwokuchiva kuzhinji kwechifeve,
chinokwezvera, mukuru wouroyi,
akatapa ndudzi noufeve hwake
namarudzi avanhu nouroyi hwake.
5 "Ndine mhaka newe," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
Ndichafukura nguo yako ifukidze chiso chako
"Ndicharatidza ndudzi kushama kwako
namadzimambo kunyadziswa kwako.
6 Ndichakukandidzira tsvina,
ndichakuita akazvidzika
uye ndichakuita chiseko.
7 Vose vachakuona vachakutiza uye vachati,
'Ninevhe raparara, ndiani acharichema?'

Ndingawana kupi munhu angakunyaradza?”

8 Uri nani kupfuura Tebhesi here,
rakavakwa paNairi,
rakakomberedzwa nemvura?
Rwizi ndirwo rwairidzivirira,
mvura iri rusvingo rwaro.
9 Etiopia neIjipiti ndizvo zvaiva simba rayo guru;
Puti neRibhiya dzaiva pakati pavabatsiri vayo.
10 Kunyange zvakadaro yakatapwa
ikaendeswa kuutapwa.
Vacheche varo vakaputsanyiwa
kumavambo kwemigwagwa yose.
Mijenya yakakandwa pamusoro pemachinda avo,
uye vakuru vavo vakasungwa nengetani.
11 Newewo uchadhakwa;
uchavanda
ugotsvaka utiziro kubva kumuvengi wako.

12 Nhare dzako dzose dzafanana nemiti yemionde
ine michero yokutanga yaibva;
paanozunzwa,
maonde anodonhera mumuromo momudyi.
13 Tarira mauto ako,
vose vakadzi!
Masuo enyika yako
akazarurirwa kuvavengi vako;
moto waparadza mazariro awo.

14 Cherai mvura kuitira kukombwa,
simbisai nhare dzenyu!
Gadzirai ivhu,
kanyai dhaka,
mugadzire zvidhina zvenyu!
15 Moto uchakuparadzai imomo;
munondo uchakuurayai,
uye uchakuparadzai semhashu.
Berekanai semhashu,
muberekane sehwiza!
16 Makawedzera uwandu hwavatengesi venyu
kusvikira vapfuura nyeredzi dzedenga kuwanda.
Asi sehwiza, vanoparadza nyika
vobhururuka vachienda.
17 Varindi venyu vakaita sehwiza,
machinda enyu segundamusaira rehwiza
dzinomhara pamadziro musi wakunotonhora,
asi kana zuva rabuda dzinobhururuka dzichienda,
uye hapana anoziva kuti kupi.

18 Iwe mambo weAsiria, vafudzi vako vanotsumwaira;
machinda ako anorara pasi kuti azorore.
Vanhu vako vakapararira pamusoro pamakomo
pasina angavaunganidza.

19 Hapana chingarapa ronda rako;
kukuvara kwako kuchakuuraya.
Mumwe nomumwe anonzwa nezveguhu rako
anorova maoko ake pakuwa kwako,
nokuti ndianiko asina kunzwa
utsinye hwako husina magumo?

# HABHAKUKI

1 Chirevo chakaratidzwa muprofita Habhakuki.

*Kugunun'una kwaHabhakuki*

2 Haiwa Jehovha, ndicharamba ndichidanidzira, ndichitsvaka rubatsiro kusvikira riniko,
asi musingandinzwi?
Kana kudana kwamuri ndichiti, "Ndorwiswa!"
asi hamundiponesi?
3 Sei muchiita kuti ndione kusaruramisira?
Sei muchirega zvakaipa zvichingoitwa?
Kuparadza nokuita nechisimba zviri pamberi pangu;
pano kukakavara, uye kurwa kuri kuwanda.
4 Naizvozvo murayiro hauchisina simba,
uye kutonga kwakarurama hakuchaonekwi.
Vakaipa vanokomba vakarurama,
zvokuti kururamisira kunominamiswa.

*Mhinduro yaJehovha*

5 "Tarisa ndudzi dzavanhu, ucherechedze,
ugoshamiswa zvirokwazvo.
Nokuti ndichaita chimwe chinhu pamazuva ako
chawanga usingazobvumi, kunyange dai waichiudzwa.
6 Ndiri kumutsa vaBhabhironi
ruya rudzi rune utsinye, rune hasha,
runopararira pasi pose
kuti rubvute nzvimbo dzokugara dzisiri dzavo.
7 Vanhu vanotyisa uye vanovhundukwa;
vasina murayiro unovatonga
uye vanongozvitsvakira kukudzwa.
8 Mabhiza avo anomhanya kukunda ingwe,
anotyisa kukunda mhumhi mumadekwana.
Mauto avo amabhiza anomhanya asingadzoki;
vatasvi vamabhiza vanobva kure kure.
Vanobhururuka segora rinotsvaka kuparadza;
9 vanouya vose kuzoita zvechisimba.
Mapoka avo ehondo anouya semhepo inovhuvhuta mugwenga
vachiunganidza nhapwa sejecha.
10 Vanozvidza madzimambo
uye vanomhura vatongi.
Vanoseka maguta ose akasimbiswa;
vanovaka zvikomo zvevhu voatapa.
11 Ipapo vanopfuura semhepo, vanopfuura vasingamiri,
varume vane mhosva, simba ravo ndiye mwari wavo."

*Habhakuki anogunun'unazve*

12 Haiwa Jehovha, ko hamugari nokusingaperi here?
Mwari wangu, mutsvene wangu, hatingatongofi.
Haiwa Jehovha, makavagadza kuti vatonge;
imi Dombo, makavagadza kuti varange.
13 Meso enyu akachena zvokuti haangatarisi zvakaipa;

hamungatenderi zvakaipa.
Sei zvino muchitendera vanyengeri?
Ko, munonyararirei kana vakaipa
vachimedza vanovapfuura mukururama?
14 Sei makaita kuti vanhu vave sehove dzegungwa,
sezvisikwa zvegungwa zvisina mutongi.
15 Muvengi anovaredza vose nezviredzo,
anovabata mumumbure wake,
achivakokorodza murutava rwake;
naizvozvo anopembera nomufaro.
16 Naizvozvo anopisira zvibayiro kumumbure wake,
uye anopisira zvinonhuhwira kumumbure wake,
nokuti anogarika nokuda kwomumbure wake,
anodya zvokudya zvakaisvonaka.
17 Ko, acharamba achingodurura zviri mumumbure wake,
achingoparadza ndudzi asina tsitsi here?

# 2

1 Ndichandomira panzvimbo yangu yokurinda
ndichazviisa panzvimbo yakakwirira;
ndichatarisa ndione zvaachareva kwandiri
uye zvandingapindura pamusoro pokuchema uku.

### *Mhinduro yaJehovha*

2 Ipapo Jehovha akapindura achiti:
"Nyora chiratidzo ichi,
uite kuti chionekwe kwazvo pamahwendefa
kuti anoverenga agoverenga achimhanya.
3 Nokuti chiratidzo ichi chakamirira nguva yakatarwa;
chinotaura nezvamagumo
uye hachingarevi nhema.
Kunyange dai chikanonoka, chimirire;
zvirokwazvo chichauya, hachizononoki.

4 "Tarira, ana manyawi;
zvido zvake hazvina kururama,
asi akarurama achararama nokutenda kwake.
5 Zvirokwazvo, waini inomupandukira;
anozvikudza uye haazombozorori.
Nokuti anokara sezvinoita guva
uye sorufu haaguti,
anozviunganidzira ndudzi dzose
uye anotapa marudzi ose avanhu.

### *Matambudziko aVakaipa*

6 "Ko, vakatapwa vose havangazomuseki here nezvirahwe zvokumushora vachiti,
" 'Ane nhamo anozviunganidzira zvakabiwa
anozvipfumisa nepfuma yakapambwa!
Zvicharamba zvakadai kusvikira riniko?'
7 Ko, vamakakwereta havangazosimuki pakarepo here?
Havangazomuki vakakuvhundutsai here?
Ipapo ndimi muchava vakapambwa.

8 Nokuti makapamba ndudzi zhinji,
vakasara vachakupambai,
nokuda kweropa ravanhu ramakateura;
makaparadza nyika namaguta pamwe chete navageremo.

9 "Ane nhamo anovaka umambo hwake nepfuma yakabiwa,
achivaka dendere rake pakakwirira,
kuti anzvenge kuparadzwa!
10 Makarangana kuparadza ndudzi dzakawanda,
muchinyadzisa imba yenyu,
uye muchiparadza upenyu hwenyu.
11 Mabwe ari murusvingo achadanidzira,
ipapo matanda edenga remba achadairira namaungira.

12 "Ane nhamo anovaka guta nokudeura ropa
uye anosimbisa guta nezvakaipa.
13 Tarirai, hazvina kubva kuna Jehovha Wamasimba Ose here
kuti vanhu vanoshandira zvinoparadzwa nomoto,
uye kuti marudzi avanhu anongozvinetesa nezvisina maturo?
14 Nokuti nyika yose ichazadzwa nokuziva kubwinya kwaJehovha,
sezvakaita mvura kuzadza kwayakaita gungwa.

15 "Ane nhamo anopa vavakidzani vake zvinodhaka,
achizvidurura kubva mumatende ewaini kusvikira vadhakwa,
kuti aone kushama kwavo.
16 Muchazadzwa nenyadzi pachinzvimbo chokukudzwa.
Nhasi ndimimiwo! Chinwai kuti mudzedzereke!
Mukombe unobva kuruoko rwaJehovha rworudyi uri kuuya kwamuri,
kunyadziswa kuchafukidza kukudzwa kwenyu.
17 Nokuti kuita nechisimba kwamakaitira Rebhanoni kuchakukundai,
uye kuparadza kwamakaita mhuka kuchakutyisai.
Nokuti makateura ropa ravanhu;
makaparadza nyika namaguta navose vakanga vageremo!

18 "Chifananidzo chakavezwa chinobatsireiko, zvachakangogadzirwa nomuvezi?
Kana chifananidzo chakaumbwa, chinodzidzisa nhema?
Nokuti uyo anochiita anovimba nechaakazviumbira;
anoita zvifananidzo zvisingagoni kutaura.
19 Ane nhamo anoti kudanda, 'Rarama!'
Kana kubwe risingagoni kutaura, 'Muka!'
Ko, zvingadzidzisa here?
Tarira, chakafukidzwa negoridhe nesirivha;
hachina mweya mukati macho napaduku.
20 Asi Jehovha ari mutemberi yake tsvene;
nyika yose ngairambe inyerere pamberi pake."

# 3

*Munyengetero waHabhakuki*

1 Munyengetero wamuprofita Habhakuki unoimbwa neshigionoti.
2 Jehovha, ndakanzwa zvomukurumbira wenyu;
haiwa Jehovha, ndinomira ndichitya mabasa enyu.

Avandudzei pamazuva edu,
panguva yedu ngaaziviswe;
pakutsamwa kwenyu rangarirai tsitsi.

3 Mwari akabva kuTemani,
iye Mutsvene akabva kuGomo reParani.
Sera

Umambo hwake hwakazadza matenga
uye mbiri yake yakazadza nyika.
4 Kubwinya kwake kwakaita sokubuda kwezuva;
bwerazuva hwakapenya huchibva muruoko rwake,
makanga makavigwa simba rake.
5 Hosha yakaenda ichibva pamberi pake;
denda rakatevera nhambwe dzake.
6 Akamira, akazungunusa nyika;
akatarisa, akabvundisa ndudzi dzavanhu.
Makomo akare kare akakoromoka
uye zvikomo zvakare zvakawira pasi.
Nzira dzake dzinogara nokusingaperi.
7 Ndakaona matende eKushani ari panhamo,
nzvimbo dzokugara dzeMidhiani dziri pakutambudzika.

8 Ko, makanga matsamwira nzizi here, nhai Jehovha?
Makanga matsamwira zvikova here, nhai Jehovha?
Makatsamwira gungwa here
pamakafambisa mabhiza enyu
nengoro dzenyu dzokukunda?
9 Makabudisa pachena uta hwenyu,
mukadaidzira miseve mizhinji.
Sera

Makatsemura nyika nenzizi;
10 makomo akakuonai akadedera.
Mvura zhinji yakapfuura;
kwakadzika kwakatinhira
kukasimudza mafungu pamusoro.

11 Zuva nomwedzi zvakambomira kumatenga
zvichiona kuvaima kwemiseve yenyu yaipfuura,
zvichiona kupenya kwepfumo renyu rinobwinya.
12 Mukutsamwa kwenyu makapfuura napanyika
uye mukushatirwa kwenyu makarasa ndudzi.
13 Makauya kuzonunura vanhu venyu,
kuzoponesa muzodziwa wenyu.
Makaparadza mutungamiri wenyika yavakaipa,
mukamufukura kubva kumusoro kusvika kutsoka.
Sera

14 Nepfumo rake chairo makabaya musoro wake,
pakauya varwi vake sechamupupuri kuzotiparadzira,
vachifara savanoda kuparadza
vanotambudzika vakanga vakavanda.
15 Makatsika-tsika gungwa namabhiza enyu,
mukabvongodza mvura zhinji.

16 Ndakazvinzwa, hana yangu ikarova,
miromo yangu yakadedera pandakanzwa maungira;
kuora kwakapinda mumapfupa angu,
makumbo angu akadedera.
Asi ndichamirira hangu zuva renjodzi
kuti riuye pamusoro porudzi ruchatirwisa.
17 Kunyange dai muonde ukasatunga maruva,
uye mizambiringa ikashayiwa zvibereko,
kunyange kubereka kwomuorivhi kukakona,
uye minda ikasabereka zvokudya,
kunyange dai kukasava namakwai muchirugu
uye mombe dzikashayikwa mumatanga,
18 kunyange zvakadaro, ndichafara muna Jehovha,
ndichava nomufaro muna Mwari Muponesi wangu.

19 Ishe Jehovha ndiye simba rangu;
anoita kuti tsoka dzangu dziite setsoka dzenondo,
anondifambisa pamatunhu akakwirira.

Kumutungamiri wokuimba, nemitengeranwa yangu.

# ZEFANIA

1 Shoko raJehovha rakasvika kuna Zefania, mwanakomana waKushi,
mwanakomana waGedharia, mwanakomana waAmaria, mwanakomana
waHezekia, pamazuva okutonga kwaJosia mwanakomana waAmoni
mambo weJudha richiti:

*Yambiro yokuuya kwoKuparadzwa*

2 “Ndichatsvaira zvose
kubva pamusoro penyika,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.
3 “Ndichatsvaira zvose vanhu nemhuka;
ndichatsvaira shiri dzedenga nehove dzegungwa.
Vakaipa vachasara nemirwi yamarara chete,
kana ndabvisa munhu pamusoro penyika,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

*Kurwiswa kweJudha*

4 Ndichatambanudza ruoko rwangu kuti ndirwise Judha
uye ndicharwisa vose vanogara muJerusarema.
Ndichaparadza kubva panzvimbo ino vose vakasara vaBhaari,
mazita avaprista vechihedheni vanonamata zvifananidzo,
5 vaya vanopfugama pamusoro pedzimba
kuti vanamate nyeredzi dzedenga,
vaya vanopfugama vachipika naJehovha
uye vanopikawo naMoreki,
6 vaya vanotsauka kubva pakutevera Jehovha
uye vasingatsvaki Jehovha kana kubvunza kwaari.
7 Nyararai pamberi paIshe Jehovha,
nokuti zuva raJehovha rava pedyo.
Jehovha agadzirira chibayiro;
akavaita vatsvene, vaya vaakakoka.
8 Pazuva rechibayiro chaJehovha,
ndicharova machinda
navanakomana vamambo,
navaya vose vakapfeka
nguo dzavatorwa.
9 Pazuva iro ndicharanga
vose vanonyenyeredza kuti vasatsika paburiro,
vanozadza temberi yavamwari vavo
nechisimba nounyengeri.

10 “Pazuva iro,” ndizvo zvinotaura Jehovha,
“kuchema kuchanzwikwa kubva kuSuo reHove,
kuungudza kubva kuRutivi Rutsva rweguta,
nokukoromoka kukuru kubva kuzvikomo.
11 Ungudzai imi munogara munharaunda yomusika,
vashambadzi venyu vose vachaparadzwa,
vose vanotengesa nesirivha vachaparadzwa.
12 Panguva iyoyo ndichanzvera Jerusarema nomwenje;
uye ndicharanga vaya vagere zvavo,
vakaita sewaini yakasiyiwa mumasese ayo,

vanofunga kuti, 'Jehovha hapana zvaangaita,
zvakanaka kana zvakaipa.'
13 Upfumi hwavo huchapambwa,
dzimba dzavo dzichaputswa,
vachavaka dzimba,
asi havangagari madziri;
vachasima minda yemizambiringa,
asi havanganwi waini yacho.

### *Zuva Guru raJehovha*

14 "Zuva guru raJehovha rava pedyo,
pedyo, uye riri kuuya nokukurumidza.
Teererai! Kuchema pazuva raJehovha kucharwadza,
kuchema kwemhere ipapo.
15 Zuva iro richava rokutsamwa,
zuva rokudzungaira nokumanikidzwa,
zuva rokutambudzika nokuparadzwa,
zuva rerima nokusuwa, zuva ramakore nezarima.
16 Zuva rehwamanda nemhere yehondo yokurwisa maguta
akakomberedzwa namasvingo, nokurwisa shongwe dzomumakona.
17 Ndichauyisa kudzungaira pavanhu
uye vachafamba samapofu,
nokuti vakatadzira Jehovha.
Ropa ravo richadururwa seguruva,
uye nyama yavo sendove.
18 Sirivha yavo kana goridhe ravo
hazvingagoni kuvaponesa,
pazuva rokutsamwa kwaJehovha.
Mumoto wegodo rake
nyika yose ichaparadzwa,
nokuti achauyisa magumo pakarepo
kuna vose vanogara panyika."

## 2

1 Unganai pamwe chete, unganai pamwe chete,
imi rudzi runonyadzisa,
2 nguva dzakatarwa dzisati dzasvika
uye zuva iroro risati rapfuura sehundi,
kutsamwa kukuru kwaJehovha kusati kwauya pamusoro penyu,
zuva rehasha dzaJehovha risati rauya pamusoro penyu.
3 Tsvakai Jehovha, imi mose vanyoro vapanyika,
imi mose munoita zvaakarayira.
Tsvakai kururama, tsvakai unyoro;
zvimwe mungadziviririrwa
pazuva rokutsamwa kwaJehovha.

### *Kurwiswa kweFiristia*

4 Gaza richasiyiwa
uye Ashikeroni richasiyiwa rava dongo.
Pamasikati makuru Ashidhodhi richasiyiwa risisina chinhu
uye Ekironi radzurwa.
5 Mune nhamo imi munogara pedyo negungwa,
imi vanhu veKereti;
shoko raJehovha rinokurwisa,

iwe Kenani nyika yavaFiristia.
"Ndichakuparadza,
uye hapana achasara."

6 Nyika iri pedyo negungwa, panogara vaKereti,
ichava nzvimbo yavafudzi namatanga ehwai.
7 Ichava yavakasara veimba yavaJudha;
vachawana mafuro ikoko.
Mumadekwana vachavata pasi
mudzimba dzaAshikeroni.
Jehovha Mwari wavo achavachengeta;
Achavadzorera pfuma yavo.

### *Kurwiswa kweMoabhu neAmoni*

8 "Ndakanzwa kutuka kwaMoabhu
nokuzvidza kwavaAmoni,
avo vakatuka vanhu vangu
uye vakatyisidzira nyika yavo.
9 Naizvozvo, zvirokwazvo noupenyu hwangu,"
ndizvo zvinotaura Wamasimba Ose, Mwari waIsraeri,
"zvirokwazvo Moabhu achaita seSodhomu,
vaAmoni seGomora,
nzvimbo yesora namakomba emunyu,
matongo nokusingaperi.
Vakasara vavanhu vangu vachavapamba;
vachararama vorudzi rwangu vachagara nhaka yenyika yavo."

10 Izvi ndizvo zvavachawana nokuda kwokuzvikudza kwavo,
nokuti vakatuka uye vakadadira vanhu vaJehovha Wamasimba Ose.
11 Jehovha achava anotyisa kwavari
paachaparadza vamwari vose venyika.
Ndudzi pamahombekombe ose dzichamunamata,
rudzi rumwe norumwe munyika yarwo.

### *Kurwiswa kweEtiopia*

12 "Nemiwo, imi vaEtiopia,
muchaparadzwa nomunondo wangu."

### *Kurwiswa kweAsiria*

13 Achatambanudza ruoko rwake kuti arwise nyika
yokumusoro agoparadza Asiria,
achasiya Ninevhe rava dongo zvachose
uye raoma segwenga.
14 Mapoka amakwai nemombe zvichavata pasi imomo,
nezvipuka zvamarudzi ose.
Zizi romurenje nezizi romurwizi
zvichavata pamusoro pembiru dzavo.
Kudana kwazvo kuchaungira nomumawindo,
marara achava pamisuo yavo,
mapango omusidhari achasiyiwa pachena.
15 Iri ndiro guta risina hanya
raigara vakachengetedzeka.
Rakati mumwoyo maro,
"Ndini, uye hakuna mumwe kunze kwangu."

Razova dongo rakadii,
nzvimbo inovata mhuka dzesango!
Vose vanopfuura napariri vanoseka
Uye vanokunga zvibhakera zvavo.

# 3

*Ramangwana reJerusarema*

1 Rine nhamo guta ravamanikidzi,
rakapanduka uye rikasvibiswa!
2 Harina warinoteerera,
harigamuchiri kudzorwa.
Harivimbi naJehovha,
hariswederi pedyo naMwari waro.
3 Machinda aro ishumba dzinoomba,
vatongi varo mapere amadekwana,
vasingasiyi chinhu chamangwanani.
4 Vaprofita vavo vanozvikudza;
vanhu vanonyengera.
Vaprista varo vanozvidza nzvimbo tsvene
uye vanoputsa murayiro.
5 Jehovha ari mariri mutsvene;
haaiti zvakaipa.
Mangwanani oga oga anotonga nokururamisira kwake,
zuva rimwe nerimwe idzva anoriuyisa,
asi vasakarurama havanyari.
6 "Ndakaparadza ndudzi;
shongwe dzavo dzakaparara.
Ndakasiya nzira dzavo dzisisafambwi,
hapasisina anopfuura nomo.
Maguta avo akaparadzwa;
hapana achasiyiwa, kana mumwe zvake.
7 Ndakati kuguta,
'Zvirokwazvo uchanditya
ugogamuchira kudzorwa!'
Ipapo vagari varo havangaparadzwi,
kana kuranga kwangu kwose hakungauyi pariri.
Asi vakanga vachine shungu
dzokuita uori pakuita kwavo kwose.
8 Naizvozvo ndimirirei," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"zuva randichasimuka kuti ndigopupura.
Ndafunga kuunganidza ndudzi,
kuunganidza ushe hwose
uye nokudurura hasha dzangu pavari,
kutsamwa kukuru kwangu kwose.
Nyika yose ichaparadzwa
nomoto wegodo rokutsamwa kwangu.

9 "Ipapo ndichachenesa miromo yavanhu,
kuti vose zvavo vadane kuzita raJehovha
uye vamushumire nomwoyo mumwe.
10 Kubva mhiri kwenzizi dzeEtiopia vanamati vangu,
vanhu vangu vakapararira,

vachandiunzira zvipiriso.
11 Pazuva iro hamungaiswi pakunyadziswa
nokuda kwezvakaipa zvamakandiitira,
nokuti ndichabvisa kubva
muguta rino vaya vanofara mukuzvikudza kwavo.
Hamungazovizve namanyawi
pagomo rangu dzvene.
12 Asi ndichasiya pakati penyu
vanyoro vanozvininipisa,
vanovimba nezita raJehovha.
13 Vakasara vaIsraeri havangaiti zvakaipa;
havangarevi nhema,
uye kunyengera hakuzowanikwi mumiromo yavo.
Vachadya uye vagorara pasi,
uye hapana angavatyisa."

14 Imba, iwe Mwanasikana weZioni,
danidzira, iwe Israeri!
Fara ugofarisisa nomwoyo wako wose,
iwe Mwanasikana weJerusarema!
15 Jehovha abvisa kurangwa kwako kwose,
adzinga muvengi wako. Jehovha,
Mambo waIsraeri, anewe;
hauzotyizve kuti ungakuvadzwa nechinhu chipi zvacho.
16 Pazuva iro vachati kuJerusarema,
"Usatya, iwe Zioni;
usarega maoko ako achishayiwa simba.
17 Jehovha Mwari wako anewe,
ndiye ane simba rokuponesa.
Achafadzwa zvikuru newe,
achakunyaradza norudo rwake,
achafara nokuda kwako nokuimba."

18 "Matambudziko emitambo
yakatarwa ndichaabvisa kwauri;
iwo mutoro nokuzvidzwa kwauri.
19 Panguva iyoyo ndichatonga
vose vakakumanikidza;
ndichanunura vakaremara
uye ndichaunganidza vaya vakaparadzirwa.
Ndichavapa rumbidzo norukudzo
munyika dzose dzavakaiswa pakunyadziswa.
20 Panguva iyoyo ndichakuunganidzai;
panguva iyoyo ndichakuuyisai kumusha.
Ndichakupai rukudzo nerumbidzo
pakati pavanhu vose vapanyika,
pandichadzora pfuma yenyu
muchizviona nameso enyu,"
ndizvo zvinotaura Jehovha.

# HAGAI

*Vanhu vanokokwa kuti vazovaka Imba yaJehovha*

[1] Mugore rechipiri ramambo Dhariasi, pazuva rokutanga romwedzi
wechitanhatu, shoko raJehovha rakasvika kubudikidza nomuprofita Ha-
gai richienda kuna Zerubhabheri mwanakomana waShearitieri, mu-
bati weJudha, nokuna Joshua mwanakomana waJehozadhaki, muprista
mukuru, richiti:
[2] Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Vanhu ava vanoti, 'Nguva haisati
yasvika yokuti imba yaJehovha ivakwe.' "
[3] Ipapo shoko raJehovha rakasvika nokumuprofita Hagai richiti, [4] "Ko,
inguva here yokuti imi pachenyu mugare mudzimba dzenyu dzakashon-
gedzwa namapuranga, asi imba ino ichiramba iri dongo?"
[5] Zvino zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Fungisisai pamusoro pen-
zira dzenyu. [6] Makakusha zvizhinji, asi mukacheka zvishoma. Munodya,
asi hamuguti. Mononwa, asi hamugundwi. Munopfeka nhumbi, asi
hamudziyirwi. Munoshandira mubayiro, kuti muuise chete muhomwe ina
maburi."
[7] Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Fungisisai pamusoro penzira
dzenyu. [8] Kwirai kumakomo, mundouya namatanda muvake imba, kuti
ini ndiifarire ndigokudzwa," ndizvo zvinotaura Jehovha. [9] "Makatarisira
kuwana zvizhinji, asi tarirai, zvakazova zvishoma. Zvamakauya nazvo
kumusha, ndakazvifuridzira kure. Nemhaka yeiko?" ndizvo zvino-
taura Jehovha Wamasimba Ose. "Nemhaka yeimba yangu, yaramba
ichingova dongo, asi mumwe nomumwe wenyu achishingairira imba
yake. [10] Naizvozvo, nokuda kwenyu matenga aramba nedova uye nyika
yaramba nezvibereko zvayo. [11] Ndakadana kuoma kuti kuuye paminda
napamakomo, napazviyo, napawaini itsva, napamafuta, napazvose zvi-
noberekwa nevhu, napavanhu, napazvipfuwo, uye napamabasa amaoko
enyu."
[12] Ipapo Zerubhabheri mwanakomana waShearitieri, naJoshua
mwanakomana waJehozadhaki, muprista mukuru, navanhu vose vakanga
vasara vakateerera inzwi raJehovha Mwari wavo uye shoko romuprofita
Hagai, nokuti Jehovha Mwari wavo akanga amutuma. Uye vanhu vakatya
Jehovha.
[13] Ipapo Hagai, nhume yaJehovha, akasvitsa shoko iri raJehovha
kuvanhu achiti, "Ndinemi," ndizvo zvinotaura Jehovha. [14] Naizvozvo
Jehovha akamutsa mweya waZerubhabheri mwanakomana waShearitieri,
mubati weJudha, uye nomweya waJoshua mwanakomana waJehozadhaki,
muprista mukuru, uye nomweya wavanhu vose vakanga vasara. Vakauya
vakatanga kushanda paimba yaJehovha Wamasimba Ose, Mwari wavo,
[15] pazuva ramakumi maviri namana romwedzi wechitanhatu mugore
rechipiri ramambo Dhariasi.

## 2

*Kubwinya kweImba Itsva kunovimbiswa*

[1] Pazuva ramakumi maviri nerimwe romwedzi wechinomwe, shoko
raJehovha rakasvika nokuna muprofita Hagai richiti, [2] "Taura naZerub-
habheri mwanakomana waShearitieri, mubati weJudha, kuna Joshua

mwanakomana waJehozadhaki muprista mukuru, nokuvanhu vakasara.
Uvabvunze kuti, 3 'Ndiani pakati penyu vakasara akaona imba ino
pakubwinya kwayo kwokutanga? Munoionawo sei zvino? Pakuona
kwenyu haina kuita sapasina here? 4 Asi zvino chiva nesimba, iwe
Zerubhabheri,' ndizvo zvinotaura Jehovha. 'Iva nesimba, iwe Joshua
mwanakomana waJehozadhaki, muprista mukuru. Ivai nesimba, imi
mose vanhu venyika,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'uye mushande. Nokuti
ndinemi,' ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. 5 'Ndiro shoko
resungano yandakaita nemi, nguva yamakabuda kubvira muIjipiti. Uye
Mweya wangu uchagara pakati penyu. Musatya.'

6 "Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: 'Munguva shoma shoma,
ndichazungunusa matenga nenyika, negungwa nenyika yakaoma.
7 Ndichazungunusa ndudzi dzose, uye zvinodikanwa nendudzi dzose
zvichauya, uye ndichazadza imba ino nokubwinya,' ndizvo zvinotaura
Jehovha Wamasimba Ose. 8 'Sirivha ndeyangu negoridhe nderangu,'
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. 9 'Kubwinya kweimba
iripo nhasi kuchapfuura kubwinya kweyokutanga,' ndizvo zvinotaura
Jehovha Wamasimba Ose. 'Uye panzvimbo ino ndichauyisa rugare,'
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose."

### *Vanhu vakanga vasvibiswa vanoropafadzwa*

10 Pazuva ramakumi maviri namana romwedzi wechipfumbamwe,
mugore rechipiri raDhariasi, shoko raJehovha rakasvika kumuprofita
Hagai, richiti, 11 "Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: 'Bvunza vaprista
kuti murayiro unorevei: 12 Kana munhu akatakura nyama tsvene mumu-
pendero wenguo yake, uye mupendero ukagunzva chingwa kana nyama
yakabikwa, kana waini, kana mafuta kana zvimwe zvokudya, zvichava
zvitsvene here?' "

Vaprista vakapindura vakati, "Kwete."

13 Ipapo Hagai akapindura akati, "Kana munhu asvibiswa nokubata
kwaaita chitunha, akabata chimwe chaizvozvi, ko, chingasvibiswa here?"
Vaprista vakapindura vakati, "Hongu chinosvibiswa."

14 Ipapo Hagai akapindura akati, " 'Ndizvo zvakaita vanhu ava norudzi
urwu pamberi pangu,' ndizvo zvinotaura Jehovha. 'Zvose zvavanoita uye
zvose zvavanopa sechibayiro ipapo zvakasvibiswa.

15 " 'Zvino fungisisai, kubvira pazuva ranhasi, muchidzokera shure,
chimbofungai zvazvakanga zvakaita ibwe rimwe richigere kuiswa pa-
musoro perimwe ibwe mutemberi yaJehovha. 16 Munhu aiti kana
achinge asvika pamurwi wezviyero makumi maviri, paingova negumi
chete. Munhu aiti kana asvika pachisviniro chewaini achida kuchera
zviyero makumi mashanu, kwaingova nezviyero makumi maviri chete.
17 Ndakarova mabasa ose amaoko enyu nenyunje, nokuvhuvha nechimvu-
ramabwe, asi hamuna kutendeukira kwandiri,' ndizvo zvinotaura Je-
hovha. 18 Kubvira pazuva ranhasi zvichienda mberi, kubvira pazuva
ramakumi maviri namana romwedzi wepfumbamwe, fungisisai zuva riya
rakateyiwa nheyo dzetemberi yaJehovha. Fungisisai izvozvo: 19 Ko,
muchine mbeu yakasara mudura here? Kusvikira zvino, muzambiringa
nomuonde, mutamba nomuorivhi hazvina kubereka michero.

" 'Kubvira pazuva ranhasi ndichakuropafadzai.' "

### *Zerubhabheri ndiye Chisimbiso chaJehovha*

20 Shoko raJehovha rakasvika kuna Hagai kechipiri pazuva ramakumi
maviri namana romwedzi richiti, 21 “Udza Zerubhabheri mubati weJudha
kuti ndichazungunusa matenga nenyika. 22 Ndichawisira pasi zvigaro
zvoushe uye ndichaparadza simba roushe hwavatorwa. Ndichawisira
pasi ngoro navafambisi vadzo; mabhiza navatasvi vawo zvichawira pasi,
mumwe nomumwe nomunondo wehama yake.
23 “ ‘Pazuva iroro,’ ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose,
‘ndichakutora iwe, muranda wangu, Zerubhabheri mwanakomana waS-
hearitieri,’ ndizvo zvinotaura Jehovha, ‘uye ndichakuita sechisimbiso
changu, nokuti ndakakusarudza,’ ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba
Ose.”

# ZEKARIA

*Vanhu vanokurudzirwa kuti vadzokere kuna Jehovha*

1 “Mumwedzi worusere wegore rechipiri raDhariasi, shoko raJehovha
rakasvika kuna muprofita Zekaria mwanakomana waBherekia, mwanako-
mana waIdho richiti:
2 “Jehovha akatsamwira madzibaba enyu zvikuru. 3 Naizvozvo udza
vanhu kuti: Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: ‘Dzokerai kwandiri,’
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, ‘neni ndichadzokera kwa-
muri,’ ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. 4 Musaita samadz-
ibaba enyu, avo vakaudzwa navaprofita vokutanga kuti: Zvanzi naJe-
hovha Wamasimba Ose, ‘Dzokai kubva panzira dzenyu dzakaipa nepaz-
vakaipa zvamunoita.’ Asi havana kunzwa kana kuteerera kwandiri,
ndizvo zvinotaura Jehovha. 5 Aripiko madzibaba enyu zvino? Uye
vaprofita vacho, vanorarama zvandakarayira nokusingaperi here? 6 Asi
mashoko angu nemitemo yangu, zvandakarayira varanda vangu ivo
vaprofita, hazvina kurarama kupfuura madzibaba enyu here?
“Ipapo vakatendeuka ndokuti, ‘Jehovha Wamasimba Ose akatiitira
zvakafanira mabasa edu nenzira dzedu, sezvaakafunga kuita.’ ”

*Murume pakati pemiti*

7 Pazuva ramakumi maviri namana romwedzi wegumi nomumwe,
mwedzi weShebhati, mugore rechipiri raDhariasi, shoko raJehovha
rakasvika kuna muprofita Zekaria mwanakomana waBherekia mwanako-
mana waIdho.
8 Panguva dzousiku ndakaona chiratidzo, hapo pamberi pangu paiva
nomurume akanga akatasva bhiza dzvuku! Akanga akamira pakati pemiti
yaiva mumupata. Shure kwake kwaiva namabhiza matsvuku, mashava
uye namachena.
9 Ipapo ndakati, “Izvi zviiko, ishe wangu?”
Mutumwa akanga achitaura neni akapindura akati, “Ndichakuratidza
kuti zvii.”
10 Ipapo murume akanga amire pakati pemiti yemitire akatsanangura
achiti, “Ava ndivo vakatumwa naJehovha kuti vaende munyika yose.”
11 Uye vakapindura mutumwa waJehovha akanga akamira pakati pemiti
yemitire vachiti, “Taenda munyika yose tikaona nyika yose yakazorora
uye ino runyararo.”
12 Ipapo mutumwa waJehovha akati, “Jehovha Wamasimba Ose
muchasvika rinhiko musinganzwiri Jerusarema namaguta eJudha tsitsi
amakatsamwira kwamakore makumi manomwe aya?” 13 Saka Jehovha
akataura mashoko akanaka anonyaradza kumutumwa akataura neni.
14 Ipapo mutumwa aitaura neni akati, “Danidzira shoko iri rokuti:
Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: ‘Ndine godo kwazvo pamusoro
peJerusarema neZioni, 15 asi ndakatsamwira zvikuru ndudzi dzinoti
dzakagarika. Ndakanga ndakatsamwa zvishoma, asi ivo vakawedzera
padambudziko iri.’
16 “Naizvozvo, zvanzi naJehovha: ‘Ndichadzokera kuJerusarema ndine
tsitsi, uye ipapo imba yangu ichavakwazve. Uye rwodzi rwokuyera
ruchatambanudzwa pamusoro peJerusarema,’ ndizvo zvinotaura Jehovha
Wamasimba Ose.

17 "Danidzirazve uti: Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, 'Maguta angu achafashukirazve noupfumi, uye Jehovha achanyaradzazve Zioni uye agosarudza Jerusarema.' "

### *Nyanga Ina neMhizha Ina*

18 Ipapo ndakasimudza meso angu, zvino hapo pamberi pangu paiva
nenyanga ina! 19 Ndakabvunza mutumwa aitaura neni ndikati, "Zviiko
izvi?"

Akandipindura achiti, "Idzi inyanga dzakaparadzira Judha, Israeri neJerusarema."

20 Ipapo Jehovha akandiratidza mhizha ina. 21 Ndakabvunza ndikati,
"Ko, ava vari kuuya kuzoitei?"

Akapindura akati, "Idzi ndidzo nyanga dzakaparadzira Judha kuti pashayikwe kana mumwe angasimudza musoro wake, asi mhizha dzauya kuzodzityisa uye kuti dzigokanda pasi nyanga idzi dzendudzi dzakasimudza nyanga dzadzo kuti dzirwise nyika yeJudha kuti dziparadzire vanhu vayo."

## 2

### *Murume ane Rwodzi Rwokuyeresa*

1 Ipapo ndakasimudza meso angu, zvino hapo pamberi pangu paiva
nomurume aiva nerwodzi rwokuyeresa muruoko rwake! 2 Ndakabvunza
ndikati, "Uri kuendepiko?"

Akandipindura achiti, "Kunoyera Jerusarema, kuti ndione kufara kwaro nokureba kwaro."

3 Ipapo mutumwa aitaura neni akaenda, uye mumwe mutumwa akauya
kuzosangana naye 4 uye akati kwaari: "Mhanya undoudza jaya iro
kuti, 'Jerusarema richava guta risina masvingo nokuda kwokuwanda
kwavanhu nezvipfuwo zviri mariri. 5 Uye ini pachangu ndichava rusvingo
rwomoto rwakarikomberedza,' ndizvo zvinotaura Jehovha, 'uye ndichava kubwinya kwaro mukati maro.'

6 "Uyai! Uyai! Tizai kubva kunyika yokumusoro," ndizvo zvinotaura Jehovha, "nokuti ndakakuparadzirai kumhepo ina dzedenga," ndizvo zvinotaura Jehovha.

7 "Uya, iwe Zioni! Tiza, iwe unogara muMwanasikana weBhab-
hironi!" 8 Nokuti zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, "Mushure
mokunge andikudza uye anditumа kundorwisa ndudzi dzakakupambai,
nokuti ani naani anokubatai anobata mboni yeziso rake, 9 zvirokwazvo
ndichasimudza ruoko rwangu kuti ndivarwise kuitira kuti nhapwa dzavo dzigovapamba. Ipapo muchaziva kuti Jehovha Wamasimba Ose akandituma.

10 "Pembera uye ufare, iwe Mwanasikana weZioni. Nokuti ndiri kuuya,
uye ndichagara pakati penyu," ndizvo zvinotaura Jehovha. 11 "Ndudzi
zhinji dzichabatana naJehovha pazuva iro uye vachava vanhu vangu. Ndichagara pakati penyu uye muchaziva kuti Jehovha Wamasimba Ose
akandituma kwamuri. 12 Judha ichava nhaka yaJehovha somugove wake
munyika tsvene uye achasarudzazve Jerusarema. 13 Nyararai pamberi
paJehovha, vanhu vose, nokuti asimuka kubva panzvimbo yake tsvene yaanogara."

# 3

### *Nguo dzakachena dzoMuprista Mukuru*

1 Ipapo akandiratidza Joshua muprista mukuru amire pamberi pomu-
tumwa waJehovha, uye Satani amire kurudyi rwake kuti amupomere.
2 Jehovha akati kuna Satani, "Jehovha ngaakutuke iwe, Satani! Jehovha,
iye akasarudza Jerusarema, ngaakutuke! Ko, murume uyu haazi rukuni
runobvira rwabvutwa mumoto here?"

3 Zvino Joshua akanga akapfeka nguo dzine tsvina amire pamberi
pomutumwa. 4 Mutumwa akati kuna avo vakanga vamire pamberi pake,
"Mubvisei nguo dzake dzine tsvina." Ipapo akati kuna Joshua, "Tarira
ndabvisa chivi chako, uye ndichakupfekedza nguo dzinokosha."

5 Ipapo ndakati, "Isai nguwani yakachena pamusoro wake."
Nokudaro vakamupfekedza nguwani yakachena pamusoro wake uye
vakamupfekedza nguo, mutumwa waJehovha amirepo.

6 Mutumwa waJehovha akarayira Joshua achiti, 7 "Zvanzi naJehovha
Wamasimba Ose: 'Kana ukafamba nenzira dzangu uye ukachengeta
mirayiro yangu, ipapo uchatonga imba yangu uye uchachengetawo
mavazhe angu, uye ndichakupa nzvimbo pakati paava vakamira pano.

8 " 'Teerera, iwe Joshua muprista mukuru navanobata pamwe chete
newe vagere pamberi pako, varume ava vanova chiratidzo chezvinouya:
Ndichauyisa muranda wangu, Davi. 9 Tarirai ibwe randaisa pamberi
paJoshua! Pane maziso manomwe pabwe rimwe chete iroro, uye
ndichatema chinyorwa pariri,' ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba
Ose, 'uye ndichabvisa chivi chenyika ino nezuva rimwe chete.

10 " 'Pazuva iro mumwe nomumwe wenyu achakoka muvakidzani
wake kuzogara pasi pomuzambiringa napasi pomuonde wake,' ndizvo
zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose."

# 4

### *Chigadziko choMwenje cheGoridhe neMiti yeMiorivhi Miviri*

1 Ipapo mutumwa akataura neni akauyazve kwandiri akandimutsa,
somunhu anomutswa pahope dzake. 2 Akandibvunza achiti, "Unooneiko?"
Ndakapindura ndikati, "Ndinoona chigadziko chomwenje chegoridhe
rizere, chine mbiya pamusoro pacho nemwenje minomwe pamusoro
pacho, mwenje mumwe nomumwe une mbombi nomwe. 3 Uyezve
pane miti miviri yemiorivhi parutivi pacho, mumwe kurutivi rworudyi
rwembiya nomumwe kurutivi rworuboshwe kwayo."

4 Ndakabvunza mutumwa aitaura ndichiti, "Izvi zviiko, ishe wangu?"

5 Akapindura akati, "Hauzivi kuti izvi zvii?"

Ini ndakapindura ndichiti, "Kwete, ishe wangu."

6 Saka akati kwandiri, "Iri ndiro shoko raJehovha kuna Zerubhabheri:
'Hazviitwi nehondo kana nesimba, asi nomweya wangu,' ndizvo zvino-
taura Jehovha Wamasimba Ose.

7 "Uri chiiko, iwe gomo guru? Pamberi paZerubhabheri uchaitwa bani.
Ipapo iye achabudisa ibwe rokumusoro vanhu vachidanidzira vachiti,
'Mwari ngaariropafadze! Mwari ngaariropafadze!' "

8 Ipapo shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 9 "Maoko aZerub-
habheri akateya nheyo dzetemberi ino; maoko ake achaipedzisazve. Ipapo
uchaziva kuti Jehovha Wamasimba Ose akandituma kwauri.

10 "Ndiani anoshora zuva rezvinhu zviduku? Vanhu vachafara pavachaona rwodzi rwokuyera muruoko rwaZerubhabheri.
"(Zvinomwe izvi ndizvo maziso aJehovha, anoona nyika yose.)"
11 Ipapo ndakabvunza mutumwa ndichiti, "Ko, miti yemiorivhi miviri iyi iri kurudyi nokuruboshwe kwechigadziko chomwenje ndeyei?"
12 Uyezve ndakamubvunza kuti, "Ko, matavi aya maviri omuorivhi parutivi pembombi mbiri dzegoridhe dzinodurura mafuta egoridhe ndeei?"
13 Akapindura akati, "Hauzivi kuti izvi zvii?"
Ini ndikati, "Kwete, ishe wangu."
14 Saka akati, "Ava ndivo vaviri vakazodzwa kuti vashumire Ishe wenyika yose."

# 5

*Rugwaro Rwakapetwa Rwaibhururuka*

1 Ndakatarisazve ndikaona, hapo pamberi pangu paiva norugwaro rwakapetwa rwaibhururuka!
2 Akandibvunza akati, "Unooneiko?"
Ndakapindura ndikati, "Ndinoona rugwaro rwakapetwa rwuri kubhururuka, rwakareba makubhiti makumi maviri* nokufara makubhiti gumi†."
3 Uye iye akati kwandiri, "Uku ndiko kutuka kunobuda pamusoro penyika yose; nokuti sezvazvakanyorwa kune rimwe divi, mbavha imwe neimwe ichaparadzwa, uye sezvazvakanyorwa kune rimwe divi racho, mumwe nomumwe anopika zvenhema achaparadzwa. 4 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose, 'Ndichabudisa kutuka, uye kuchapinda muimba yembavha nomumba mouyo anopika nhema nezita rangu. Kucharamba kuri mumba make uye kuchaparadza zvose mapango namabwe ayo.' "

*Mukadzi akanga ari muDengu*

5 Ipapo mutumwa akanga achitaura neni akaswedera kwandiri akati, "Simudza meso ako uone kuti ichi chii chiri kubuda apo."
6 Ndakabvunza ndikati, "Chiiko?"
Akapindura akati, "Iri idengu rokuyeresa." Uye akatizve, "Ichi ndicho chitadzo chavanhu vari munyika yose."
7 Ipapo hwidibiro yomutobvu yakasimudzwa, uye mukadzi akanga akagara mudengu imomo! 8 Mutumwa akati, "Uyu ndiye zvakaipa," achibva amusundidzira zvakare mudengu uye ndokuzarira muromo wedengu nehwidibiro yomutobvu.
9 Ipapo ndakasimudza meso angu ndikaona, hapo pamberi pangu paiva navakadzi vaviri, mhepo iri mumapapiro avo! Vaiva namapapiro anenge mapapiro edambiramurove, uye vakasimudza dengu vakaenda naro mudenga pakati pedenga nenyika.
10 Ndakabvunza mutumwa akanga achitaura neni ndikati, "Vari kuriendesa kupiko, dengu?"
11 Akapindura akati, "Kunyika yeBhabhironi kundorivakira imba. Kana yapera, dengu richaiswa imomo panzvimbo yaro."

# 6

*Ngoro Ina*

* **5:2** 5:2 mamita angaita 9 † **5:2** 5:2 mamita angaita 4.5

1 Ndakasimudzazve meso angu ndikaona, hapo pamberi pangu paiva
nengoro ina dzaibuda kubva pakati pamakomo maviri, makomo endarira!
2 Ngoro yokutanga yakanga ine mabhiza matsvuku, yechipiri ine matema,
3 yechitatu ine machena uye yechina ine mapfumbu, ose aiva nesimba.
4 Ndakabvunza mutumwa akanga achitaura neni ndikati, “Zviiko izvi, ishe
wangu?”

5 Mutumwa akandipindura akati, “Iyi ndiyo mweya mina yokudenga,
inobuda payakanga imire pamberi paIshe wenyika yose. 6 Ine mabhiza
matema iri kuenda kunyika yokumusoro, ine mabhiza machena iri kuenda
kumadokero, uye ine mabhiza mapfumbu iri kuenda kunyika yezasi.”

7 Mabhiza ane simba paakabuda akanga achitsvaka kuti aende nomun-
yika yose. Uye iye akati, “Endai munyika yose!” Saka akaenda nomunyika
yose.

8 Ipapo akadanidzira kwandiri achiti, “Tarira, ayo anoenda kunyika
yokumusoro, apa Mweya wangu zororo munyika yokumusoro.”

### *Korona yaJoshua*

9 Shoko raJehovha rakasvika kwandiri richiti, 10 “Tora sirivha ne-
goridhe kubva kuvatapwa vanoti Heridhai, naTobhiya uye naJedhaya,
vasvika vachibva kuBhabhironi. Enda, zuva rimwe chetero, kuimba
yaJosia mwanakomana waZefania. 11 Tora sirivha negoridhe ugadzire
korona, uye ugoidzika pamusoro womuprista mukuru, Joshua mwanako-
mana waJehozadhaki. 12 Muudze kuti zvanzi naJehovha Wamasimba
Ose: ‘Houno murume anonzi Davi, achakura panzvimbo yake uye
achavaka temberi yaJehovha. 13 Ndiye achavaka temberi yaJehovha, uye
achapfekedzwa ukuru agogara achitonga pachigaro chake. Uye achava
muprista pachigaro chake. Uye pachava norugare pakati pezviviri izvi.’
14 Korona ichapiwa kuna Heridhai, naTobhiya, naJedhaya uye naHeni
mwanakomana waZefania sechiyeuchidzo mutemberi yaJehovha. 15 Avo
vari kure vachauya kuzobatsira kuvaka temberi yaJehovha, uye iwe
uchaziva kuti Jehovha Wamasimba Ose andituma kwauri. Izvi zvichaitika
kana ukateerera zvakanaka Jehovha Mwari wako.”

# 7

### *Kururamisira neNgoni, kwete Kutsanya*

1 Mugore rechina raMambo Dhariasi, shoko raJehovha rakasvika kuna
Zekaria pazuva rechina romwedzi wepfumbamwe, mumwedzi weK-
isirevhi. 2 Vanhu veBhetieri vakanga vatuma Sharezeri naRegemi-Mereki,
pamwe chete navanhu vavo, kuti vaende kuna Jehovha 3 kundokumbira
kuvaprista veimba yaJehovha Wamasimba Ose nokuvaprofita vachiti,
“Ndochema nokutsanya nomwedzi wechishanu here, sezvandakaita kwa-
makore mazhinji aya?”

4 Ipapo shoko raJehovha Wamasimba Ose rakasvika kwandiri richiti,
5 “Bvunza vanhu vose venyika uye navaprista kuti, ‘Pamakatsanya
uye mukachema mumwedzi wechishanu nowechinomwe kwamakore
makumi manomwe akapfuura, makatsanyira ini zvechokwadi here? 6 Uye
pamaidya nokunwa, makanga musingangozvifadzi here? 7 Aya haasiwo
here mashoko aJehovha akaparidzwa kubudikidza navaprofita vekare,
Jerusarema namaguta aro akaripoteredza parakanga riri parugare uye
richibudirira, uye nyika yeNegevhi nomujinga mezvikomo zvokumavirira
muchakagarwa navanhu?’ ”

8 Uye shoko raJehovha rakasvikazve kuna Zekaria richiti, 9 "Zvanzi naJe-
hovha Wamasimba Ose, 'Tongai nokururamisira kwezvokwadi; muitirane
tsitsi nenyasha. 10 Musamanikidza chirikadzi kana nherera, mutorwa
kana murombo. Musafungirana zvakaipa mumwoyo menyu.'

11 "Asi vakaramba kuteerera; mukuzvikudza vakafuratira uye
vakadzivira nzeve dzavo. 12 Vakaomesa mwoyo yavo sedombo
romusarasara uye vakasateerera kumurayiro kana kumashoko aJehovha
Wamasimba Ose aakanga atuma noMweya wake kubudikidza navaprofita
vekare. Saka Jehovha Wamasimba Ose akatsamwa zvikuru.

13 " 'Pandakadana, havana kuteerera; saka pavakadana, handina
kuvateerera,' ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
14 'Ndakavaparadzira nechamupupuri pakati pendudzi dzose, uko
kwavakava vatorwa. Nyika yakava dongo shure kwavo zvokuti hapana
aizogona kupinda kana kubudamo. Izvi ndizvo zvavakaita kunyika
yaifadza, ikava dongo.' "

# 8

*Jehovha anovimbisa kuropafadza Jerusarema*

1 Shoko raJehovha Wamasimba Ose rakasvikazve kwandiri richiti:
2 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Ndine godo kwazvo pamusoro
peZioni; ndiri kutsva negodo pamusoro paro."

3 Zvanzi naJehovha: "Ndichadzokera kuZioni uye ndichagara mu-
Jerusarema. Ipapo Jerusarema richanzi Guta reZvokwadi, uye gomo
raJehovha Wamasimba Ose richanzi Gomo Dzvene."

4 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Varume navakadzi vakwe-
gura vachagarazve mumigwagwa yeJerusarema, mumwe nomumwe aine
mudonzvo muruoko nokuda kwokukwegura kwake. 5 Migwagwa yeguta
ichazara navakomana navasikana vanotambamo."

6 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Zvingaita sezvinoshamisa kuna
vakasara vavanhu ava panguva iyoyo, asi zvichaita sezvinoshamisa here
kwandiri?" ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.

7 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Ndichaponesa vanhu vangu
kubva kunyika dzokumabvazuva nedzokumavirira. 8 Ndichavadzosazve
kuti vazogara muJerusarema; vachava vanhu vangu, uye ndichava
akatendeka uye akarurama kwavari saMwari wavo."

9 Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Imi mutonzwa mashoko aya
iye zvino, akataurwa navaprofita vaivapo nheyo dzemba yaJehovha
Wamasimba Ose padzakateyiwa, maoko enyu ngaasimbe kuti temberi igo-
vakwa. 10 Nguva iyoyo isati yasvika kwakanga kusina munhu aishandira
mubayiro kana chipfuwo. Hapana aienda kundoita basa rake norugare
nokuda kwomuvengi wake, nokuti ndakanga ndarwisanisa munhu wose
nomuvakidzani wake. 11 Asi zvino handichazoitiri vanhu ava vakasara
sezvandakaita pamazuva akare," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba
Ose.

12 "Mbeu ichakura zvakanaka, muzambiringa uchabereka zvibereko
zvawo, nyika ichabereka zvirimwa zvayo, uye matenga achaburutsa dova
rawo. Ndichapa zvinhu zvose izvi senhaka kuna vakasara vavanhu
ava. 13 Sezvamaiva chinhu chakatukwa pakati pendudzi, imi Judha neIs-
raeri, saizvozvo ndichakuponesai, uye muchava chinhu chinoropafadza.
Musatya, asi itai kuti maoko enyu asimbe."

[14] Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Sezvandakanga ndafunga
kuuyisa njodzi pamusoro penyu, uye ndikasaitira madzibaba enyu tsitsi
paakanditsamwisa," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, [15] "saka
zvino ndafunga kuita zvakanakazve kuJerusarema neJudha. Musatya.
[16] Izvi ndizvo zvinhu zvamunofanira kuita: Tauriranai chokwadi, uye
tongai nezvokwadi uye nokururamisira mumatare enyu [17] usarongera
muvakidzani wako zvakaipa, uye usafarira kupika nhema. Ndinovenga
zvose izvi," ndizvo zvinotaura Jehovha.

[18] Shoko raJehovha Wamasimba Ose rakasvikazve kwandiri richiti:
[19] Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Kutsanya kwomwedzi wechina,
wechishanu, wechinomwe nowegumi kuchava nguva dzomufaro noku-
pembera, nemitambo yomufaro kuna Judha. Naizvozvo mude zvokwadi
norugare."

[20] Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Vanhu vazhinji navagari
vomumaguta mazhinji vachauyazve, [21] uye vagari vomune rimwe guta
vachaenda kune rimwe vachinoti, 'Ngatiendei nokuchimbidza kun-
dokumbira nyasha kuna Jehovha, nokutsvaka Jehovha Wamasimba Ose.
Ini pachangu ndiri kuenda.' [22] Uye vanhu vazhinji nendudzi dzine
simba vachauya kuJerusarema kuzotsvaka Jehovha Wamasimba Ose
nokukumbira nyasha kwaari."

[23] Zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Mumazuva iwayo varume gumi
kubva kundimi dzose nendudzi dzose vachabatirira kwazvo pamupendero
wenguo yomuJudha vachiti, 'Ngatiendei tose, nokuti takanzwa kuti Mwari
anewe.' "

# 9

*Kutongwa kwaVavengi veIsraeri*

*Chirevo*

[1] Shoko raJehovha rinorwisana nenyika yeHadhiraki
uye richagara pamusoro peDhamasiko,
nokuti meso avanhu naamarudzi ose
eIsraeri ari pana Jehovha,
[2] uye napamusoro peHamatiwo, rakaganhurana naro,
uye napamusoro peTire neSidhoni, kunyange zvazvo vane unyanzvi kwazvo.
[3] Tire yakazvivakira nhare;
yakaunganidza sirivha seguruva
uye goridhe samarara omumugwagwa.
[4] Asi Ishe achatora upfumi hwayo
uye achaparadzira simba rayo pagungwa,
uye ichaparadzwa nomoto.
[5] Ashikeroni richazviona, rigotya;
Gaza richatambura mukurwadziwa,
neEkironiwo, nokuti tariro yaro ichapera.
Gaza richarasikirwa namambo waro
uye Ashikeroni haringavi navanhu.
[6] Vatorwa vachagara paAshidhodhi,
uye ndichaparadza kuzvikudza kwavaFiristia.
[7] Ndichabvisa ropa pamiromo yavo,
kudya kusingabvumirwi pakati pamazino avo.
Vaya vakasara vachava vanhu vaMwari wedu

uye vachava vatungamiri muJudha,
uye Ekironi achava savaJebhusi.
8 Asi ndichadzivirira imba yangu
pavarwi vanoirwisa.
Hapachazovazve nomumanikidzi angakunda vanhu vangu,
nokuti zvino ndiri kugara ndakatarira.

### *Kuuya kwaMambo weZioni*

9 Fara kwazvo, iwe Mwanasikana weZioni!
Danidzira, Mwanasikana weJerusarema!
Tarira, mambo wako anouya kwauri,
iye akarurama uye ano ruponeso,
anozvininipisa akatasva mbongoro,
iyo mhuru, mwana wembongoro.
10 Ndichabvisa ngoro kuna Efuremu,
namabhiza ehondo kuJerusarema,
uye uta hwehondo huchavhunwa.
Achaparidzira ndudzi rugare.
Ushe hwake huchabva kugungwa huchisvika kugungwa,
uye kubva kuRwizi kusvika kumigumo yenyika.
11 Kana uriwe, nokuda kweropa resungano yangu newe,
ndichasunungura vasungwa vako kubva pagomba risina mvura.
12 Dzokerai kunhare yenyu, imi vasungwa vetariro;
kunyange iye zvino ndichazivisa kuti ndichadzorera kwamuri zvakapetwa kaviri.
13 Ndichakunga Judha sendinokunga uta hwangu,
uye ndichaizadza naEfuremu.
Ndichamutsa vanakomana vako, iwe Zioni,
kuti varwise vanakomana vako, iwe Girisi;
uye ndichakuita somunondo wemhare.

### *Jehovha achaonekwa*

14 Ipapo Jehovha achaonekwa pamusoro pavo;
museve wake uchapenya semheni.
Ishe Jehovha acharidza hwamanda;
achafamba mudutu rezasi.
15 Uye Jehovha Wamasimba Ose achavadzivirira.
Vachaparadza
uye vachakunda nezvimviriri.
Vachanwa vagoomba sevanwa waini;
vachazara sembiya dzinoshandiswa
pakusasa makona earitari.
16 Jehovha Mwari wavo achavaponesa
pazuva iroro seboka ravanhu vake,
Vachavaima munyika yake
samabwe anokosha ari mukorona.
17 Kuyevedza kwavo nokunaka kwavo kuchava kukuru sei!
Zviyo zvichaita kuti majaya abudirire,
uye waini itsva kumhandara.

## 10

### *Jehovha achachengeta Judha*

1 Kumbirai kuna Jehovha mvura yomunakamwe;

Jehovha ndiye anogadzira makore edutu.
Anonayisa mvura kuvanhu,
uye anopa zvirimwa zveminda kuno mumwe nomumwe.
2 Zvifananidzo zvinotaura zvounyengeri,
vavuki vanoona zviratidzo zvenhema;
vanotaura zviroto zvenhema,
vanopa varaidzo pasina.
Nokudaro vanhu vanodzungaira
samakwai anomanikidzwa nokuda kwokushayiwa mufudzi.
3 “Kutsamwa kwangu kunomukira vafudzi,
uye ndicharova vatungamiri,
nokuti Jehovha Wamasimba Ose achava nehanya
namakwai ake, imba yaJudha,
uye achavaita sebhiza rinodadisa pakurwa.
4 Muna Judha muchabva ibwe rapakona,
kubva maari mbambo yetende,
kubva maari uta hwehondo,
kubva maari vatungamiri vose.
5 Pamwe chete vachava savarume voumhare
vanotsika migwagwa ina matope pakurwa.
Nokuti Jehovha anavo,
vacharwa vachakunda vatasvi vamabhiza.

6 “Ndichasimbisa imba yaJudha
uye ndichaponesa imba yaJosefa.
Ndichavadzosa
nokuti ndinovanzwira tsitsi.
Vachava savanhu
vandakanga ndisina kuramba,
nokuti ndini Jehovha Mwari wavo
uye ndichavapindura.
7 VaEfuremu vachava semhare,
uye mwoyo yavo ichafara sevakabatwa newaini.
Vana vavo vachazviona uye vachapembera;
Mwoyo yavo ichafara muna Jehovha.
8 Ndichaninira kwavari
ndigovaunganidza.
Zvirokwazvo ndichavadzikinura,
vachava vakawanda sakare.
9 Kunyange ndikavaparadzira pakati pamarudzi,
kunyange zvakadaro vachandirangarira vari kunyika dziri kure.
Ivo navana vavo vachararama,
uye vachadzoka.
10 Ndichavauyisa kubva kuIjipiti
uye ndichavaunganidza kubva kuAsiria.
Ndichavauyisa kuGireadhi nokuRebhanoni,
uye hakungazovi nenzvimbo yavanokwana.
11 Vachapfuura napagungwa rokutambudzika;
mafungu egungwa achaderedzwa
uye pakadzika pose muna Nairi pachapwa.
Kuzvikudza kweAsiria kuchaparadzwa
uye tsvimbo youshe yeIjipiti ichabviswa.
12 Ndichavasimbisa muna Jehovha

uye muzita rake vachafamba,”
ndizvo zvinotaura Jehovha.

## 11

1 Zarura mikova yako, iwe Rebhanoni,
kuti moto uparadze misidhari yako!
2 Ungudza, iwe muti womupaini,
nokuti musidhari wawa, miti yakaisvonaka yaparadzwa!
Ungudzai, imi miouki yeBhashani,
nokuti dondo resango ratemwa!
3 Inzwai kuungudza kwavafudzi;
mafuro avo akapfuma aparadzwa!
Inzwai kuomba kweshumba,
sango rinoyevedza reJorodhani raparadzwa!

### *Vafudzi Vaviri*

4 Zvanzi naJehovha Mwari wangu: “Fudzai makwai akagadzirirwa
kundobayiwa. 5 Vatengi vawo vanoabaya vagoenda nawo vasina ku-
rangwa. Avo vanoatengesa vanoti, ‘Jehovha ngaakudzwe, ndapfuma!’
Vafudzi vawo havangaaponesi. 6 Nokuti handichazonzwirizve vanhu
venyika tsitsi,” ndizvo zvinotaura Jehovha. “Ndichaisa mumwe nomumwe
kumuvakidzani wake uye kuna mambo wake. Vachamanikidza nyika, uye
handingavanunuri kubva pamaoko avo.”
7 Saka ndakafudza makwai akatsaurirwa kundobayiwa kunyanya
ainzwisa urombo. Ipapo ndakatora tsvimbo mbiri ndikatumidza imwe
kuti Nyasha uye imwe Kubatana, uye ndakafudza makwai. 8 Mumwedzi
mumwe chete ndakadzinga vafudzi vatatu.
Boka rakandivenga, uye ndakatanga kuneta naro 9 uye ndikati, “Hand-
ichazovi mufudzi wenyu. Regai makwai ari kufa afe, neari kuparara
aparare. Regai ayo akasara adyanane nyama.”
10 Ipapo ndakatora tsvimbo yangu yainzi Nyasha ndikaivhuna,
ndichiputsa sungano yandakanga ndaita nendudzi dzose. 11 Yakaputswa
pazuva iroro, uye makwai airwadziwa akanga akanditarira akaziva kuti
raiva shoko raJehovha.
12 Ndakaaudza kuti, “Kana muchiona zvakanaka, ndipei muripo wangu,
asi kana zvisina, uchengetei.” Nokudaro vakandipa mubayiro wangu
wamakumi matatu esirivha.
13 Jehovha akati kwandiri, “Ikande kumuumbi wehari, muripo
wakanaka wavakanditenga nawo!” Saka ndakatora makumi matatu
esirivha aya ndikaakanda muimba yaJehovha kumuumbi wehari.
14 Ipapo ndakavhuna tsvimbo yangu yechipiri inonzi Kubatana
ndichiputsa ukama hwakanga huripo pakati peJudha neIsraeri.
15 Ipapo Jehovha akati kwandiri, “Torazve nhumbi dzomufudzi benzi.
16 Nokuti ndichamutsa mufudzi panyika asingazovi nehanya neakarasika,
kana kutsvaka makwayana, kana kurapa akakuvadzwa, kana kufudza
akasimba, asi achadya nyama yamakwai akakora uye achabvambura
mahwanda awo.
17 “Ane nhamo mufudzi asina maturo
anosiya makwai!
Munondo ngaubaye ruoko rwake uye neziso rake rokurudyi!
Ruoko rwake ngaruome zvachose,
ziso rake rokurudyi ripofumadzwe zvachose!”

# 12

### *Vavengi veJerusarema vachaparadzwa*

### *Chirevo*

1 Iri ndiro shoko raJehovha pamusoro peIsraeri. Jehovha, iye an-
otatamura matenga, anoteya nheyo dzenyika, uye anoumba mweya
womunhu uri mukati make, anoti: 2 “Ndichaita kuti Jerusarema rive
mukombe uchadzedzeresa ndudzi dzose dzavanhu vakapoteredza. Judha
ichakombwa pamwe chete neJerusarema. 3 Pazuva iro, ndudzi dzose
dzenyika padzichaungana kuti dzirirwise, ndichaita kuti Jerusarema rive
ibwe risingazunguniswi kundudzi dzose. Vose vachaedza kurizungunusa
vachazvikuvadza. 4 Pazuva iro ndicharova bhiza rimwe nerimwe
nokutya uye mutasvi waro nokupenga,” ndizvo zvinotaura Jehovha.
“Ndicharamba ndakatarira paimba yaJudha, asi ndichapofumadza mab-
hiza ose endudzi. 5 Ipapo vatungamiri veJudha vachati mumwoyo yavo,
‘Vanhu veJerusarema vakasimba, nokuti Jehovha Wamasimba Ose ndiye
Mwari wavo.’
6 “Pazuva iro ndichaita kuti vatungamiri veJudha vaite segango pakati
pehuni, uye sezhenje romoto pakati pezvisote. Vachaparadza kurudyi
nokuruboshwe ndudzi dzose dzavanhu vakapoteredza, asi Jerusarema
richaramba riri panzvimbo paro.
7 “Jehovha achaponesa misha yeJudha kutanga, kuitira kuti kukudzwa
kweimba yaDhavhidhi uye nokwavagari vomuJerusarema kurege kup-
fuura kweJudha. 8 Pazuva iroro Jehovha achadzivirira vaya vagere mu-
Jerusarema, zvokuti anoshayiwa simba pakati pavo achava saDhavhidhi,
uye imba yaDhavhidhi ichava saMwari, soMutumwa waJehovha anoenda
pamberi pavo. 9 Pazuva iroro ndichaenda kundoparadza ndudzi dzose
dzinorwisa Jerusarema.

### *Vanochema Uyo Wavakabaya*

10 “Uye ndichadurura mweya wenyasha newokunyengetera paimba
yaDhavhidhi uye napavagari veJerusarema. Vachatarisa kwandiri,
iye wavakabaya, uye vachamuchema souya anochema mwana wake
mumwe oga, uye vachachema kwazvo souya anochema mwanakomana
wedangwe. 11 Pazuva iro muJerusarema muchava nokuchema kukuru
sokuchema kweHadhadhi Rimoni mubani reMegidho. 12 Nyika ichachema,
mhuri imwe neimwe iri yoga, nevakadzi vavo vari voga: 13 mhuri
yeimba yaRevhi navakadzi vavo, mhuri yaShimei navakadzi vavo, 14 uye
nedzimwe mhuri dzose navakadzi vavo.

# 13

### *Kushambidzwa paZvivi*

1 “Pazuva iro imba yaDhavhidhi navagari vomuJerusarema, vachadzi-
urirwa chitubu kuti vanatswe kubva pachivi nokusachena.
2 “Pazuva iro, ndichabvisa mazita ezvifananidzo panyika, uye haanga-
zorangarirwizve,” ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose! “Ndich-
abvisa zvose vaprofita nemweya wokusachena panyika. 3 Uye kana pana
ani zvake acharamba achiprofita, baba vake namai vake vakamubereka,
vachati kwaari, ‘Unofanira kufa, nokuti wakareva nhema muzita raJe-
hovha.’ Paachaprofita, vabereki vake vachamubaya.
4 “Pazuva iro muprofita mumwe nomumwe achanyara nokuda kwechi-
ratidzo chechiprofita chake. Haangazopfeki nguo yemvere yomuprofita

kuti anyengere. 5 Achati, 'Handisi muprofita. Ndiri murimi; ivhu ndiwo
upenyu hwangu kubva pauduku hwangu.' 6 Kana mumwe munhu aka-
mubvunza achiti, 'Maronda aya ari pamuviri wako ndeeiko?' achapindura
achiti, 'Maronda andakakuvadzwa paimba yeshamwari dzangu.'

### *Mufudzi arohwa, makwai akapararira*

7 "Muka, iwe munondo, urwise mufudzi,
urwise munhu ari pedyo neni!"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.
"Rova mufudzi, makwai agopararira,
uye ndichasimudza ruoko rwangu
kuti rurwise madiki acho.
8 Munyika yose," ndizvo zvinotaura Jehovha,
"zvikamu zviviri muzvitatu zvichaurayiwa zvigoparara;
asi chikamu chimwe chete muzvitatu ndicho chichasaramo.
9 Chikamu chimwe chete ichochi muzvitatu ndichachiisa mumoto;
ndichavanatsa sesirivha
uye ndichavaedza segoridhe.
Vachadana kuzita rangu
uye ndichavapindura;
ndichati, 'Ndivo vanhu vangu.'
Uye ivo vachati, 'Jehovha ndiye Mwari wedu.' "

## 14

### *Jehovha Anouya uye Achabata Ushe*

1 Zuva raJehovha richauya zvawakapamba pazvichagoverwa pakati
penyu.

2 Ndichaunganidza ndudzi dzose kuJerusarema kuti dzirwise; guta
richatorwa, dzimba dzigopambwa, uye vakadzi vachachinyiwa. Hafu
yeguta ichatapwa, asi vamwe vanhu vose havazobviswi muguta.

3 Ipapo Jehovha achabuda kuti andorwisa ndudzi idzodzo, sokurwa
kwaanoita pazuva rehondo. 4 Pazuva iroro tsoka dzake dzichamira
paGomo reMiorivhi, kumabvazuva kweJerusarema, uye Gomo reMior-
ivhi richapamuka napakati kubva kumabvazuva kusvikira kumadokero,
pagoita mupata mukuru kwazvo, imwe hafu yegomo ichatsedukira
kurutivi rwokumusoro uye imwe hafu ichatsedukira zasi. 5 Muchatiza
nomumupata wegomo rangu, nokuti uchasvika kuAzeri. Muchatiza
sokutiza kwamakaita pakudengenyeka kwenyika pamazuva aUzia mambo
weJudha. Ipapo Jehovha Mwari wangu achauya, uye navatsvene vose
pamwe chete naye.

6 Pazuva iroro hakuzovi nechiedza, kutonhora kana chando. 7 Richava
zuva rakasiyana namamwe, risina nguva dzousiku kana nguva dza-
masikati, zuva rinozivikanwa naJehovha. Kana madekwana asvika,
chiedza chichavapo.

8 Pazuva iroro mvura mhenyu ichayerera ichibuda muJerusarema, hafu
kugungwa rokumabvazuva uye imwe hafu kugungwa rokumadokero,
muzhizha nomuchando.

9 Jehovha achava mambo panyika yose. Pazuva iroro pachava naJe-
hovha mumwe chete, uye zita rake rigova zita rimwe chete roga.

10 Nyika yose kubva kuGebha kusvikira kuRimoni, nechezasi kwe-
Jerusarema, ichava seArabha. Asi Jerusarema richasimudzirwa rigogara

panzvimbo paro, kubva kuSuo raBhenjamini kusvikira kuSuo Roku-
tanga, kusvikirawo kuSuo Repakona, uye kubva kuShongwe yaHananeri
kusvikira kuzvisviniro zvewaini zvamambo. 11 Ichagarwa; haicha-
zoparadzwizve. Jerusarema richachengetedzeka.

12 Iri ndiro denda Jehovha raacharova naro ndudzi dzose dzakarwisa
Jerusarema: Nyama yavo ichaora vachakamira namakumbo avo, maziso
avo achaorera mumakomba awo, uye rurimi rwomumwe nomumwe wavo
ruchaorera mumukanwa make. 13 Pazuva iroro varume vacharohwa naJe-
hovha nokutya kukuru. Murume mumwe nomumwe achabata ruoko rwo-
mumwe wake, vagorwisana. 14 Judhawo icharwa paJerusarema. Upfumi
hwendudzi dzose dzakakomberedza Jerusarema huchatorwa, goridhe
rakawanda, sirivha yakawanda nenguo zhinji. 15 Denda rakafanana
nairori richarova mabhiza namanyurusi, ngamera nembongoro, uye
nezvipfuwo zvose zviri mumisasa iyoyo.

16 Ipapo vachararama kubva kundudzi dzose dzakarwisa Jerusarema
vachaenda gore negore kundonamata Mambo, Jehovha Wamasimba
Ose, uye nokundopemberera Mutambo waMatumba. 17 Kana marudzi
ose avanhu vapanyika akasaenda kuJerusarema kundonamata Mambo,
Jehovha Wamasimba Ose, mvura hainganayi munyika dzavo. 18 Kana
vaIjipita vakasaenda uye vakasandonamatawo, mvura hainganayi mun-
yika yavo. Jehovha achauyisa denda pamusoro pavo, denda raanorova
naro ndudzi dzisingaendi kundopemberera Mutambo waMatumba. 19 Ichi
ndicho chichava chirango cheIjipiti uye nechirango chendudzi dzose
dzisingaendi kundopemberera Mutambo waMatumba.

20 Pazuva iroro pamabhero amabhiza pachanyorwa kuti, UTSVENE KUNA
JEHOVHA, uye hari dzokubikira dziri mumba maJehovha dzichafanana
nembiya tsvene dziri pamberi pearitari. 21 Hari imwe neimwe iri
muJerusarema nomuJudha ichava tsvene kuna Jehovha Wamasimba Ose,
uye vose vachauya kuzobayira vachatora dzimwe hari vagodzibikira. Uye
pazuva iro hakuchazovazve nomuKenani muimba yaJehovha Wamasimba
Ose.

# MARAKI

1 Chirevo: Shoko raJehovha kuna Israeri kubudikidza naMaraki.

### *Jakobho ndakamuda, Esau ndakamuvenga*

2 Jehovha anoti, "Ndakakudai."
Asi imi munobvunza muchiti, "Makatida seiko?"
Jehovha anoti, "Ko, Esau akanga asiri mukoma waJakobho here? 3 Asi
Esau ndakamuvenga, uye ndakashandura makomo ake akava matongo
ndikapa nhaka yake kumakava murenje."
4 Edhomu angati, "Kunyange takaparadzwa hedu, tichavakazve ma-
tongo."
Asi zvanzi naJehovha Wamasimba Ose: "Vangavaka havo, asi ndichako-
romora. Vachanzi Nyika Yakaipa, vanhu vachagara vakatsamwirwa
naJehovha. 5 Muchazvionera nameso enyu mugoti, 'Jehovha mukuru
zvokutopfuura miganhu yeIsraeri!' "

### *Zvibayiro zvisina kukodzera*

6 Jehovha Wamasimba Ose anoti, "Mwanakomana anokudza baba vake,
uye muranda anokudza tenzi wake. Kana ndiri baba, kukudzwa kwangu
kuripiko? Kana ndiri tenzi, kuremekedzwa kwangu kuripiko? Ndimi,
iyemi vaprista, munozvidza zita rangu.
"Asi munobvunza muchiti, 'Takazvidza zita renyu seiko?' "
7 "Munondivigira zvokudya zvakasvibiswa paaritari yangu.
"Asi imi munobvunza muchiti, 'Takakusvibisai neiko?' "
Jehovha Wamasimba Ose anoti, "Pakutaura kwenyu muchiti tafura
yaJehovha inozvidzika. 8 Pamunouya nezvipfuwo zvakapofumara kuti
zvibayirwe, hazvina kuipa here? Pamunobayira zvipfuwo zvakaremara
kana zvinorwara, hazvina kuipa here? Chimboedzai kuzvivigira mubati
wenyu! Angafadzwa nemi here? Angakugamuchirai here?"
9 Jehovha Wamasimba Ose anoti, "Zvino kumbirai Mwari kuti atiitire
nyasha. Nezvipo zvakadai zvinobva mumaoko enyu, angakugamuchirai
here?"
10 "Haiwa, dai mumwe wenyu aipfiga mikova yetemberi, kuitira kuti
murege kubatidza moto isina maturo paaritari yangu! Handifadzwi
nemi," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, "uye handingaga-
muchiri zvipiriso zvinobva mumaoko enyu. 11 Zita rangu richava guru
pakati pendudzi, kubva kumabvazuva kusvikira kumavirira. Zvinon-
huhwira nezvipiriso zvitsvene zvichauyiswa kuzita rangu munzvimbo
dzose, nokuti zita rangu richava guru pakati pendudzi," ndizvo zvinotaura
Jehovha.
12 "Asi munoizvidza pamunoti, 'Tafura yaJehovha yakasvibiswa, uye
zvokudya zvayo zvakashoreka.' 13 Uye munoti, 'Zvinorema sei!' uye
munoifembedza muchiizvidza," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba
Ose.
"Pamunouyisa zvipfuwo zvakakuvara, zvakaremara kana zvinorwara
kuzozvipa sezvibayiro, ndingazvigamuchira kubva pamaoko enyu here?"
ndizvo zvinotaura Jehovha. 14 "Ngaatukwe munyengeri ane gondobwe
rakanaka pakati pamakwai ake, anopika kuti acharipa, asi agobayira
chipfuwo chine chakaipa pachiri kuna Ishe. Nokuti ndiri mambo

mukuru," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, "uye zita rangu rinofanira kutyiwa pakati pendudzi.

# 2

*Vaprista vanoyambirwa*

1 "Zvino yambiro iyi ndeyenyu, imi vaprista. 2 Kana imi musingateereri,
uye kana musingakudzi zita rangu nomwoyo wenyu," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose, "ndichatuma kutukwa pamusoro penyu, uye ndichatuka ropafadzo dzenyu. Hongu, ndakadzituka kare, nokuti hamuna kuzvipira nemwoyo yenyu kuti mundikudze.

3 "Nokuda kwenyu ndichabvisa zvizvarwa zvenyu; ndichadzura zviso zvenyu nendove inobva pazvibayiro zvemitambo yenyu, uye
muchatakurwa pamwe chete nayo. 4 Uye muchaziva kuti ndakakutumirai
yambiro iyi kuitira kuti sungano yangu naRevhi irambe iripo," ndizvo
zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. 5 "Ndakaita sungano yangu naye,
sungano youpenyu norugare, uye ndakapa izvi kwaari; zvakandivigira
kukudzwa uye akandikudza, akamira achitya zita rangu. 6 Kurayira
kwechokwadi kwakanga kuri mumuromo wake, uye chisakarurama hachaiwanikwa pamiromo yake. Akafamba neni murugare nomukururama, uye akadzora vazhinji pazvivi.

7 "Nokuti muromo womuprista unofanira kuchengeta zivo, uye vanhu
vanofanira kutsvaka dzidziso kubva pamuromo wake, nokuti ndiye
nhume yaJehovha Wamasimba Ose. 8 Asi imi makatsauka panzira uye
nedzidziso yenyu makagumbusa vazhinji; makaputsa sungano naRevhi,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. 9 "Nokudaro ndakaita kuti
muzvidzwe uye munyadziswe pamberi pavanhu vose, nokuti hamuna kuchengeta nzira dzangu asi makaita rusarura pakutonga kwenyu."

*Judha haana kutendeka*

10 Ko, isu tose hatina baba vamwe here? Haasi Mwari mumwe akatisika
here? Sei tichisvibisa sungano yamadzibaba edu nokusatendeka mumwe kuno mumwe?

11 Judha aputsa chitenderano. Chinhu chinonyangadza chaitwa muIsraeri nomuJerusarema: Judha asvibisa nzvimbo tsvene yaJehovha,
nokuwana mwanasikana wamwari wavatorwa. 12 Kumunhu anoita izvi,
angava ani zvake, Jehovha ngaamubvise pamatende aJakobho, kunyange achiuya nezvipo kuna Jehovha Wamasimba Ose.

13 Chimwe chinhu chaunoita: Unozadza aritari yaJehovha nemisodzi.
Unochema uye unoungudza nokuti haacharangariri zvipiriso zvako kana
kuzvigamuchira nomufaro kubva pamaoko ako. 14 Unobvunza uchiti,
"Seiko?" Nokuda kwokuti Jehovha ndiye chapupu pakati pako nomukadzi woujaya hwako nokuti wakaputsa sungano naye, kunyange ari mumwe wako, mukadzi wawakaita sungano yewaniso naye.

15 Jehovha haana kuvaita mumwe here? Panyama nomweya ndevake.
Uye nemhaka yei mumwe? Nokuti aitsvaka rudzi rune umwari. Saka zvichenjerere pamweya wako, uye usaputsa sungano nomukadzi woujaya hwako.

16 "Ndinovenga kurambana," ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari weIsraeri, "uye ndinovenga murume anofukidza nguo yake nokumanikidza," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.

Saka zvichenjerere pamweya uye usaputsa chitenderano.

### *Zuva roKutongwa*

17 Makanetesa Jehovha namashoko enyu.

Munoti, "Takamunetesa neiko?"

Pamunoti, "Vose vanoita zvakaipa vakanaka pamberi paJehovha, uye anofadzwa navo" kana pamunoti, "Aripiko Mwari wokururamisira?"

# 3

1 "Tarirai, ndichatuma nhume yangu, uyo achagadzira nzira pamberi
pangu. Ipapo Ishe wamunotsvaka, achasvika pakarepo patemberi yake;
mutumwa wesungano, wamunoshuva, achauya," ndizvo zvinotaura Je-
hovha Wamasimba Ose.
2 Asi ndiani angatsunga pazuva rokuuya kwake? Ndiani angamira
paanoonekwa? Nokuti achava somoto womunatsi kana sipo yomusuki.
3 Iye achagara somunatsi nomuchenesi wesirivha; achachenesa vaRevhi
uye achavanatsa segoridhe nesirivha. Ipapo Jehovha achava navanhu
vachamuvigira zvipiriso mukururama, 4 uye zvipiriso zveJudha ne-
Jerusarema zvichagamuchirwa naJehovha, sapamazuva akapfuura, sapa-
makore akare.
5 "Saka ndichaswedera kwamuri kuzotonga. Ndichakurumidza
kupupura ndichipikisa varoyi, mhombwe uye navanopika nhema, navaya
vanobiridzira vashandi migove yavo, vanodzvinyirira chirikadzi nenher-
era uye vasingaruramisiri vatorwa, uye vasingandityi," ndizvo zvinotaura
Jehovha Wamasimba Ose.

### *Kubira Mwari*

6 "Ini Jehovha handishanduki. Saka imi, rudzi rwaJakobho, hamuna
kuparadzwa. 7 Kubva pamazuva amadzitateguru enyu makatsauka
pamitemo yangu uye hamuna kuichengeta. Dzokerai kwandiri, uye neni
ndichadzokera kwamuri," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.

"Asi munobvunza muchiti, 'Tichadzoka pazvinhu zvipiko?'

8 "Ko, munhu angabire Mwari here? Kunyange zvakadaro munondibira.

"Asi munobvunza muchiti, 'Tinokubirai pane zvipi?'

"Pazvegumi nezvipiriso. 9 Makatukwa, rudzi rwenyu rwose, nokuti
muri kundibira. 10 Uyai nezvegumi zvose kudura, kuti mumba mangu
mugova nezvokudya. Ndiedzei muna izvozvi," ndizvo zvinotaura Jehovha
Wamasimba Ose, "muone kana ndisingakuzarurirei mawindo okudenga,
uye ndigokudururirai maropafadzo mazhinji zvokuti muchashayiwa
pokuaisa. 11 Ndichadzivisa udyi pakuparadza zvirimwa zvenyu, uye
mizambiringa yeminda yenyu haingadonhedzi zvibereko zvayo," ndizvo
zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. 12 "Ipapo ndudzi dzose dzichati
makaropafadzwa, nokuti nyika yenyu ichava inofadza," ndizvo zvinotaura
Jehovha Wamasimba Ose.

13 Jehovha anoti, "Makataura zvinhu zvikukutu pamusoro pangu."

"Kunyange zvakadaro munoti, 'Takataureiko pamusoro penyu?'

14 "Imi makati, 'Hazvina maturo kushumira Mwari. Takawaneiko
nokuita zvaakarayira uye zvatakafamba savachemi pamberi paJehovha
Wamasimba Ose? 15 Asi zvino tinoti vanozvikudza vakaropafadzwa.
Zvirokwazvo vaiti vezvakaipa vanobudirira uye naivo vaya vanoedza
Mwari vanopunyuka.' "

16 Ipapo vaya vaitya Jehovha vakataurirana, uye Jehovha akateerera
akanzwa. Bhuku rechirangaridzo rakanyorwa pamberi pake pamusoro
pavanotya Jehovha uye nevanoremekedza zita rake.

[17] "Vachava vangu," ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose,
"pazuva randichaunganidza pfuma yangu inokosha. Ndichavanzwira
tsitsi, somunhu anonzwira tsitsi mwanakomana wake anomushandira.
[18] Uye muchaonazve musiyano pakati pavakarurama navakaipa, pakati
pavaya vanoshumira Mwari navaya vasingamushumiri.

# 4

*Zuva raJehovha*

[1] "Zvirokwazvo zuva rinouya; richapisa sechoto. Vose vanozvikudza
navaiti vezvakaipa vachava mashanga, uye zuva iro rinouya richavapisa,"
ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose. "Hapana mudzi kana davi
zvichasara. [2] Asi kunemi munotya zita rangu, zuva rokururama richabuda
rino kuporesa mumapapiro aro. Uye muchabuda muchisvetuka semhuru
dzabudiswa muchirugu. [3] Ipapo muchatsikira pasi vakaipa; vachava
madota pasi petsoka dzenyu pazuva iro pandichaita zvinhu izvi," ndizvo
zvinotaura Jehovha Wamasimba Ose.

[4] "Rangarirai murayiro womuranda wangu Mozisi, mitemo nemirayiro
yandakamupa paHorebhi kuti ipiwe vaIsraeri vose.

[5] "Tarirai, ndichakutumirai muprofita Eria, zuva iro guru raJehovha, uye
rinotyisa risati rasvika. [6] Iye achadzosera mwoyo yamadzibaba kuvana
vavo, nemwoyo yavana kumadzibaba avo; kana kuti ndichauya ndigorova
nyika nechituko."

# MATEO

*Nhoroondo yaMadzitateguru aJesu*

1 Iyi ndiyo nhoroondo yamadzitateguru aJesu Kristu mwanakomana waDhavhidhi, mwanakomana waAbhurahama:

2 Abhurahama aiva baba vaIsaka,
Isaka baba vaJakobho,
Jakobho baba vaJudha namadzikoma ake, navanun'una vake,
3 Judha baba vaPerezi naZera, mai vavo vaiva Tamari,
Perezi baba vaHezironi,
Hezironi baba vaRamu,
4 Ramu baba vaAminadhabhu,
Aminadhabhu baba vaNashoni,
Nashoni baba vaSarimoni,
5 Sarimoni baba vaBhoazi, mai vake vari Rahabhi,
Bhoazi baba vaObhedhi, mai vake vari Rute,
Obhedhi baba vaJese,
6 naJese baba vamambo Dhavhidhi.

Dhavhidhi aiva baba vaSoromoni, mai vake ndivo vaimbova mukadzi waUria,
7 Soromoni baba vaRehobhoamu,
Rehobhoamu baba vaAbhija,
Abhija baba vaAsa,
8 Asa baba vaJehoshafati,
Jehoshafati baba vaJoramu,
Joramu baba vaUzia,
9 Uzia baba vaJotamu,
Jotamu baba vaAhazi,
Ahazi baba vaHezekia.
10 Hezekia baba vaManase,
Manase baba vaAmoni,
Amoni baba vaJosia,
11 naJosia baba vaJekonia navanun'una vake panguva yavaiva kuutapwa muBhabhironi.

12 Vabva kuutapwa kuBhabhironi:
Jekonia aiva baba vaShearitieri,
Shearitieri baba vaZerubhabheri,
13 Zerubhabheri baba vaAbhiudhi,
Abhiudhi baba vaEriakimu,
Eriakimu baba vaAzori.
14 Azori baba vaZadhoki,
Zadhoki baba vaAkimu,
Akimu baba vaEriudhi,
15 Eriudhi baba vaEreazari,
Ereazari baba vaMatani,
Matani baba vaJakobho.
16 Jakobho baba vaJosefa, uyo aiva murume waMaria, uyo akabereka Jesu, anonzi Kristu.

17 Nokudaro kwaiva nezvizvarwa gumi nezvina pamwe chete
kubvira pana Abhurahama kusvika pana Dhavhidhi, zvizvarwa
gumi nezvina kubva pana Dhavhidhi kusvika pakutapwa kwavo
vachiendwa navo kuBhabhironi, zvizvarwa gumi nezvina
kubva pakudzoka kwavo kuutapwa kusvika panguva yaKristu.

### *Kuberekwa kwaJesu Kristu*

18 Uku ndiko kuberekwa kwakaitwa Jesu Kristu: Maria, mai vake vainge
vatsidzirwa kuroorwa naJosefa, asi vasati vagara vose, achiri mhandara,
akaonekwa ava napamuviri nokuda kwaMweya Mutsvene. 19 Asi nokuda
kwokuti Josefa akanga ari munhu akarurama akafunga zvokumuramba
chinyararire, asingamunyadzisi pavazhinji.
20 Asi achiri kufunga nezvenyaya iyi, mutumwa waIshe akauya kwaari
mukurota akasvikoti, "Josefa, mwana waDhavhidhi, usatya kutora Maria
somukadzi wako nokuti pamuviri paava napo akapabata nokuda kwes-
imba raMweya Mutsvene. 21 Achava nomwana mukomana wauchazotu-
midza zita rokuti Jesu nokuti ndiye achaponesa vanhu vake kubva muzvivi
zvavo."
22 Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise zvakanga zvataurwa naIshe
kubudikidza nomuprofita wake zvokuti: 23 "Mhandara ichava napamuviri,
igozvara mwana mukomana, uye vachamutumidza zita rokuti Emanueri,
zvichireva kuti, 'Mwari anesu.' "
24 Josefa paakapepuka, akaita sezvaakanga arayirwa nomutumwa
waIshe, uye akatora Maria somukadzi wake, 25 asi haana kusangana naye
kusvikira azvara mwana mukomana. Akamutumidza zita rokuti Jesu.

# 2

### *Kushanya kwaVachenjeri*

1 Mushure mokuberekwa kwaJesu muBheterehema reJudhea munguva
yaMambo Herodhi, vachenjeri vaibva kumabvazuva vakasvika mu-
Jerusarema, 2 uye vakabvunza vakati, "Aripiko uyo achangoberekwa
anova mambo wavaJudha? Takaona nyeredzi yake kumabvazuva, uye
tauya kuzomunamata."
3 Mambo Herodhi akati achinzwa izvi, akatambudzika kwazvo
pamwe chete neJerusarema rose. 4 Kuzoti akokera pamwe chete
vaprista navadzidzisi vomutemo, akavabvunza kwaizoberekerwa Kristu.
5 Vakapindura vachiti, "MuBheterehema reJudhea nokuti izvi ndizvo
zvakanyorwa nomuprofita achiti:
6 "Asi iwe Bheterehema, munyika yeJudhea
hausi muduku pamadzimambo ose aJudha,
nokuti mauri muchabuda mutongi
uyo achava mufudzi wavanhu vangu vaIsraeri."
7 Ipapo Herodhi akadana Vachenjeri pakavanda akavabvunzisisa nguva
chaiyo yainge yaonekwa nyeredzi. 8 Akavatuma kuBheterehema akati,
"Endai mundotsvakisisa mwana uyu. Kana muchinge mamuwana,
mugondizivisawo kuitira kuti neniwo ndigoenda kundomunamata."
9 Mushure mokunge vanzwa zvainge zvataurwa naMambo, vakap-
fuurira mberi norwendo rwavo, uye nyeredzi yavakanga vaona kum-
abvazuva yakavatungamirira kusvikira yandomira panzvimbo paiva
nomwana. 10 Pavakaona nyeredzi, vakafara kwazvo. 11 Vakati vasvika
pamba apa, vakaona mwana namai vake Maria, uye vakakotamira pasi

vakamunamata. Vakasunungura pfuma yavo vakapa zvipo zvegoridhe,
nezvinonhuhwira nemura. [12] Uye vakati vayambirwa mukurota kuti
vasadzokera nokuna Herodhi, vakadzokera kwavo neimwe nzira.

### *Kutizira kuIjipiti*

[13] Zvino kuzoti vaenda, mutumwa waShe akazviratidza kuna Josefa
mukurota, akati, "Kurumidza kutora mwana namai vake mutizire kuI-
jipiti. Mugareko kusvikira ndakuudzai, nokuti Herodhi achatsvaka
mwana uyu kuti amuuraye." [14] Saka akabva amuka ndokutora mwana
namai vake usiku akatizira kuIjipiti, [15] kwaakandogara kusvikira Herodhi
afa. Saizvozvo zvakazadziswa zvakanga zvataurwa naShe kubudikidza
nomuprofita achiti, "Ndakadana mwanakomana wangu kubva kuIjipiti."
[16] Kuzoti Herodhi aziva kuti vachenjeri vaya vainge vamunzvenga,
akashatirwa kwazvo, ndokubva arayira kuti vana vechikomana vose
vaiva muBheterehema nomunzvimbo yakapoteredza vaiva namakore
maviri zvichidzika vaurayiwe, maererano nenguva yaakanga audzwa
naVachenjeri. [17] Ipapo zvakarehwa kubudikidza nomuprofita Jeremia
zvakazadziswa, zvinoti:
[18] "Inzwi rakanzwikwa muRama
rokuchema nokuungudza kukuru,
Rakeri achichema vana vake,
uye achiramba kunyaradzwa nokuti havachipo."

### *Vanodzokera kuNazareta*

[19] Mushure mokufa kwaHerodhi, mutumwa waShe akazviratidza kuna
Josefa muIjipiti mukurota [20] akati, "Tora mwana namai vake mudzokere
kunyika yeIsraeri nokuti vaya vaida kuuraya mwana vakafa."
[21] Saka akasimuka akatora mwana namai vake akaenda kunyika yeIs-
raeri. [22] Asi paakanzwa kuti Akerasi akanga otonga muJudhea panzvimbo
yababa vake Herodhi, akatya kuendako. Akati ayambirwa mukurota,
akabva aenda kudunhu reGarirea, [23] uye akaenda akandogara muguta
rainzi Nazareta. Izvi zvakabva zvazadzisa zvakarehwa kubudikidza
navaprofita zvichinzi, "Achanzi muNazareta."

# 3

### *Johani Mubhabhatidzi Anogadzira Nzira*

[1] Mumazuva iwayo Johani Mubhabhatidzi akauya achiparidza murenje
reJudhea, [2] achiti, "Tendeukai, nokuti umambo hwokudenga hwava
pedyo." [3] Uyu ndiye akataurwa kubudikidza nomuprofita Isaya zvichinzi:
"Inzwi rounodanidzira murenje richiti,
'Gadzirai nzira yaShe,
ruramisai migwagwa yake.' "
[4] Nguo dzaJohani dzakanga dzakagadzirwa nemvere dzengamera
uye akanga akasunga bhanhire redehwe muchiuno chake. Zvokudya
zvake zvaiva mhashu nouchi. [5] Vanhu vakabuda vakaenda kwaari
vachibva muJerusarema nomuJudhea yose nomudunhu rose reJorodhani.
[6] Vachireurura zvivi zvavo vakabhabhatidzwa naye murwizi rweJorod-
hani.
[7] Asi paakaona vaFarisi navaSadhusi vachiuya kwaaibhabhatidzira
akati kwavari, "Imi vana venyoka! Ndiani akakuyambirai kuti mutize
kutsamwa kuchauya? [8] Berekai zvibereko zvakafanira kutendeuka. [9] Uye
musafunga kuti mungati, 'Tina Abhurahama sababa vedu.' Ndinokuudzai

kuti Mwari anogona kumutsa vamwe vana vaAbhurahama kubva pam-
abwe aya. 10 Demo ratoiswa pamidzi yemiti uye muti wose usingabereki
zvibereko zvakanaka uchatemwa ugokandwa mumoto.
11 "Ini ndinokubhabhatidzai nemvura kuti mutendeuke. Asi shure
kwangu kuchauya mumwe mukuru kwandiri, wandisina kukodzera kun-
yange kutakura shangu dzake. Achakubhabhatidzai noMweya Mutsvene
nomoto. 12 Rusero rwuri muruoko rwake, uye achanatsa buriro rake, achi-
unganidza gorosi mudura, uye achizopisa hundi mumoto usingadzimi."

### *Kubhabhatidzwa kwaJesu*

13 Ipapo Jesu akabva kuGarirea akauya kuJorodhani kuti azobhab-
hatidzwa naJohani. 14 Asi Johani akaedza kumudzivisa achiti, "Ini ndini
ndinotofanira kubhabhatidzwa nemi, imi mouya sei kwandiri?"
15 Jesu akapindura akati, "Ngazvive saizvozvo iye zvino; zvakafanira
kuti tiite izvi kuti tizadzise kururama kwose." Ipapo Johani akabvuma
hake.
16 Jesu angobhabhatidzwa, akabuda mumvura. Panguva iyoyo denga
rakazaruka, uye akaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva uye
ukasvikogara paari. 17 Inzwi rakabva kudenga richiti, "Uyu ndiye
Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira."

## 4

### *Kuedzwa kwaJesu*

1 Ipapo Jesu akatungamirirwa naMweya Mutsvene kurenje kuti an-
doedzwa nadhiabhori. 2 Mushure mokunge atsanya kwamazuva makumi
mana nousiku huna makumi mana, akanzwa nzara. 3 Muedzi akauya
kwaari akasvikoti, "Kana uri Mwanakomana waMwari, rayira mabwe aya
kuti ave chingwa."
4 Jesu akapindura akati, "Kwakanyorwa kuchinzi, 'Munhu haararame
nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo
waMwari.' "
5 Ipapo dhiabhori akamutora akaenda naye muguta dzvene uye akando-
muita kuti amire pachiruvi chetemberi, akati, 6 "Kana uri Mwanakomana
waMwari, zviwisire pasi, nokuti kwakanyorwa kuchinzi:
"Acharayira vatumwa vake pamusoro pako
uye vachakusimudza namaoko avo
kuti urege kugumburisa rutsoka rwako nebwe."
7 Jesu akamupindura akati, "Kwakanyorwawo kuchinzi, 'Usaedza Ishe
Mwari wako.' "
8 Dhiabhori akamutorazve akaenda naye pamusoro pegomo refu
kwazvo uye akamuratidza ushe hwose hwenyika nokubwinya kwahwo,
9 akati, "Zvose izvi ndichakupa kana ukandikotamira uye ukandinamata."
10 Jesu akati kwaari, "Ibva pandiri Satani! Nokuti kwakanyorwa
kuchinzi, 'Namata Ishe Mwari wako uye umushumire iye oga.' "
11 Ipapo dhiabhori akamusiya, uye vatumwa vakauya vakamushandira.

### *Jesu Anotanga Kuparidza*

12 Jesu akati anzwa kuti Johani akanga aiswa mutorongo, akadzokera
kuGarirea. 13 Achibva kuNazareta, akaenda akandogara kuKapenaume,
guta raiva pamahombekombe egungwa mudunhu reZebhuruni neNafu-
tari, 14 kuti azadzise zvakarehwa nomuprofita Isaya achiti:
15 "Nyika yeZebhuruni nenyika yeNafutari,

nzira inoenda kugungwa, ichitevedza Jorodhani,
Garirea reveDzimwe Ndudzi,
16 vanhu vaigara murima
vakaona chiedza chikuru;
kune avo vaigara munyika yomumvuri worufu,
chiedza chavhenekera."
17 Kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, Jesu akatanga kuparidza
achiti, "Tendeukai nokuti umambo hwokudenga hwava pedyo."

### *Kudanwa kwaVadzidzi Vokutanga*

18 Jesu paakanga achifamba pedyo negungwa reGarirea, akaona varume
vaviri, Simoni ainzi Petro nomunun'una wake Andirea. Vakanga
vachikanda mambure avo mugungwa nokuti vaiva vabati vehove. 19 Jesu
akati kwavari, "Uyai munditevere, uye ndichakuitai vabati vavanhu."
20 Pakarepo vakabva vasiya mambure avo, vakamutevera.
21 Achibva ipapo, akaonazve vamwe varume vaviri vaiva mukoma
nomunun'una, Jakobho mwanakomana waZebhedhi nomunun'una wake
Johani. Vakanga vari mugwa nababa vavo Zebhedhi vachigadzira
mambure avo. Jesu akavadana, 22 uye pakarepo vakasiya igwa nababa
vavo vakamutevera.

### *Jesu Anoporesa Vanorwara*

23 Jesu akapota neGarirea rose achidzidzisa mumasinagoge avo,
achiparidza nhau dzakanaka dzoumambo uye achiporesa hosha dzose
nourwere hwose pakati pavanhu. 24 Mukurumbira wake wakapararira
muSiria yose, uye vanhu vakauya kwaari navose vairwara nezvirwere
zvakasiyana-siyana, avo vaitambudzwa namarwadzo akanyanya, vakanga
vakabatwa namadhimoni, vaiva nezvipusha, nevakanga vakafa mitezo,
uye akavaporesa. 25 Vanhu vazhinji kwazvo vaibva kuGarirea, Dhekapori,
Jerusarema, Judhea nedunhu riri mhiri kweJorodhani vakamutevera.

## 5

### *Mharidzo yaJesu paGomo*

1 Zvino akati aona vanhu vazhinji, akakwira mugomo uye akagara pasi.
Vadzidzi vake vakauya kwaari, 2 uye akatanga kuvadzidzisa achiti:
3 "Vakaropafadzwa varombo pamweya,
nokuti umambo hwokudenga ndohwavo.
4 Vakaropafadzwa vanochema
nokuti vachanyaradzwa.
5 Vakaropafadzwa vanyoro
nokuti vachagara nhaka yenyika.
6 Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yokuita zvakarurama
nokuti vachagutswa kwazvo.
7 Vakaropafadzwa vane tsitsi
nokuti naivowo vachaitirwa tsitsi.
8 Vakaropafadzwa vakachena pamwoyo,
nokuti vachaona Mwari.
9 Vakaropafadzwa vanoyananisa
nokuti vachanzi vana vaMwari.
10 Vakaropafadzwa vanotambudzwa nokuda kwokururama
nokuti umambo hwokudenga ndohwavo.

[11] "Makaropafadzwa imi kana vanhu vachikutukai, vachikutambudzai
uye vachikupomerai zvakaipa zvose nokuda kwangu. [12] Farai mufarisise
kwazvo nokuti mubayiro wenyu mukuru kudenga, nokuti nenzira imwe
cheteyo vakatambudza vaprofita vakakutangirai.

### *Munyu neChiedza*

[13] "Imi muri munyu wenyika. Asi kana munyu usisavavi ungavaviswe
nei? Hauchabatsiri chinhu, kunze kwokuti uraswe ugotsikwa zvawo
navanhu.
[14] "Imi muri chiedza chenyika. Guta riri pamusoro pegomo haringa-
vanziki. [15] Uye vanhu havangatungidzi mwenje vagouisa pasi pedengu.
Asi kutoti vanouisa pachigadziko kuti uvhenekere vose vari mumba.
[16] Nenzira imwe cheteyo, chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi
pavanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka, vagokudza Baba venyu vari
kudenga.

### *Kuzadziswa kwoMurayiro*

[17] "Musafunga kuti ndakauya kuzoparadza Murayiro kana Vaprofita;
handina kuuya kuzozviparadza asi kuzozvizadzisa. [18] Ndinokuudzai chok-
wadi, kuti kusvikira denga nenyika zvapfuura, hakuna vara duku sei kana
chimwe chinhu chiduku sei chichabviswa paMurayiro, kusvikira zvose
zvazadziswa. [19] Asi ani naani anotyora mumwe chete wemirayiro miduku
iyi uye achizodzidzisawo vamwe kuita zvimwe chetezvo achanzi muduku
muumambo hwokudenga. Asi ani naani anochengeta uye anodzidzisa
mirayiro iyi, achanzi mukuru muumambo hwokudenga. [20] Nokuti
ndinokuudzai zvirokwazvo kuti kana kururama kwenyu kukasapfuura
kwavaFarisi nokwavadzidzisi vemirayiro, zvirokwazvo hamungapindi
muumambo hwokudenga.

### *Kuuraya*

[21] "Makanzwa zvakataurwa kune vanhu vekare zvichinzi, 'Usauraya uye
ani naani anouraya achatongwa.' [22] Asi ini ndinokuudzai kuti ani naani
anotsamwira hama yake achatongwa. Uyezve ani naani anoti, 'Raka'
kuhama yake achamiswa pamberi pedare ravatongi. Asizve ani naani
anoti kuhama yake, 'Iwe benzi!' achapara mhosva yokuti atongerwe moto
wegehena.
[23] "Naizvozvo kana wada kupa chipo chako paaritari, ukayeuka
pakarepo kuti wakatadzira hama yako, [24] siya chipo chako ipapo pamberi
pearitari. Tanga waenda undoyanana nehama yako, wozouya wopa chipo
chako.
[25] "Kurumidza kutenderana nomudzivisi wako uyo ari kukuendesa
kudare. Ita izvi uchiri munzira naye, kana kuti angangokuisa kumu-
tongi uye mutongi agokuisa kumutariri, uye ugokandwa mutorongo.
[26] Ndinokuudzai chokwadi kuti haungabudimo kusvikira waripa kamari
kokupedzisira.

### *Upombwe*

[27] "Makanzwa zvichinzi, 'Usaita upombwe.' [28] Asi ini ndinoti kwamuri
ani naani anotarisa mukadzi neziso roruchiva atoita upombwe naye
mumwoyo make. [29] Kana ziso rako rorudyi richikuita kuti utadze, ribvise
urirase. Zviri nani kwauri kuti urasikirwe nomumwe mutezo womuviri
wako pano kuti muviri wako wose ukandwe mugehena. [30] Uye kana
ruoko rwako rworudyi ruchikuita kuti utadze, rucheke ururase. Zviri

nani kwauri kuti urasikirwe nomumwe mutezo womuviri wako, pano kuti
muviri wako wose uende kugehena.

### *Kurambana*

31 “Zvakanzi, ‘Ani naani anoramba mukadzi wake anofanira kumupa
gwaro rokurambana.’ 32 Asi ndinokuudzai kuti ani naani anoramba
mukadzi wake kunze kwemhosva yokusatendeka muwaniso anomuitisa
upombwe, uye ani naani anowana mukadzi akarambwa anoita upombwe.

### *Mhiko*

33 “Makanzwa zvakare zvichitaurwa kuvanhu vekare kare zvichinzi,
‘Usatyora mhiko dzako, asi zadzisa mhiko dzose dzaunenge waita kuna
Ishe.’ 34 Asi ndinokuudzai kuti, Musatongopika: kunyange nedenga
nokuti ndiro chigaro chaMwari choumambo; 35 kana nenyika nokuti ndiyo
chitsiko chetsoka dzake; kana neJerusarema nokuti ndiro guta raMambo
Mukuru. 36 Uye usapika nomusoro wako nokuti haugoni kuita kuti bvudzi
rimwe chete rive jena kana dema. 37 Hongu yako ngaingova ‘Hongu’,
ne‘Kwete’ yako ive ‘Kwete’; zvimwe zvinopfuura izvi zvinobva kuno
wakaipa.

### *Ziso neziso*

38 “Makanzwa kuti zvakanzi, ‘Ziso rinotsiviwa neziso, uye zino rinot-
siviwa nezino.’ 39 Asi ndinokuudzai kuti, Musadzivisa munhu akaipa.
Kana munhu akakurova padama rorudyi, murinzire roruboshwewo.
40 Kana munhu akakukwirira kumatare achida kukutorera nguo yako,
rega atorewo nejasi rako. 41 Kana munhu akakumanikidza kufamba mu-
tunhu mumwe chete, famba naye miviri. 42 Kana munhu akakukumbira
chinhu, mupe, uye usafuratira munhu anoda kukwereta kwauri.

### *Rudo kuVavengi Venyu*

43 “Makanzwa kuti zvakanzi, ‘Ida wokwako, uvenge muvengi wako.’
44 Asi ini ndinokuudzai kuti, Idai vavengi venyu, mugonyengeterera
avo vanokutambudzai, 45 kuitira kuti mugova vana vaBaba venyu vari
kudenga. Ivo vanoita kuti zuva ravo ribude pane vakaipa nevakanaka
uye vanonayisa mvura yavo pane vakarurama nevasakarurama. 46 Kana
mukangoda avo vanokudai, muchawana mubayiro wei? Vateresi havaiti
zvimwe chetezvo here? 47 Kana muchingokwazisana nehama dzenyu
bedzi, mungakunda vamwe pakudii? Ko, vasingatendi havaiti zvimwe
chetezvo here? 48 Naizvozvo, ivai vakakwana, sezvo Baba venyu vari
kudenga vari vakakwana.

## 6

### *Kupa kuVarombo*

1 “Chenjerai kuti muregе kuita ‘mabasa enyu okururama’ pamberi
pavanhu kuti muonekwe navo. Kana mukaita saizvozvo, hamuzovi
nomubayiro kuna Baba venyu vari kudenga.

2 “Saka kana mopa kuna vanoshaya, musaridza hwamanda sezvinoitwa
navanyengeri mumasinagoge nomumigwagwa kuti vakudzwe navanhu.
Ndinokuudzai chokwadi kuti vatowana mubayiro wavo wakazara. 3 Asi
kana wopa kuna vanoshaya ruoko rwako rworuboshwe ngarurege kuziva
zviri kuitwa noruoko rwako rworudyi, 4 kuitira kuti kupa kwako kuve
pakavanda. Ipapo Baba vako, vanoona zvinoitwa pakavanda, vachakupa
mubayiro.

### *Kunyengetera*

5 "Uye pamunonyengetera, musava savanyengeri nokuti vanofarira
kunyengetera vamire mumasinagoge napamharadzano dzenzira kuti
vaonekwe navanhu. Ndinokuudzai chokwadi kuti vatowana mubayiro
wavo wakazara. 6 Asi paunonyengetera, pinda mumba mako, ugopfiga
musiwo uye ugonyengetera kuna Baba vako avo vasingaonekwi. Ipapo
Baba vako avo vanoona zvinoitwa pakavanda, vachakupa mubayiro. 7 Uye
pamunonyengetera, musangoramba muchidzokorora zvimwe chetezvo
sezvinoitwa navasingatendi nokuti vanofunga kuti vachanzwikwa nokuda
kwamashoko avo mazhinji. 8 Musafanana navo nokuti Baba venyu
vanoziva zvamunoshayiwa musati mavakumbira.

9 "Zvino aya ndiwo manyengeterero amunofanira kuita:
" 'Baba vedu vari kudenga,
zita renyu ngarikudzwe,
10 umambo hwenyu ngahuuye,
kuda kwenyu ngakuitwe
panyika sezvinoitwa kudenga.
11 Tipei nhasi chingwa chedu chamazuva namazuva.
12 Tiregererei zvatinokutadzirai,
sezvatinoregererawo vanotitadzira isu.
13 Musatitungamirira mukuedzwa,
uye mutinunure kubva kuno wakaipa.'
14 Nokuti kana mukaregerera vanokutadzirai, Baba venyu vari kudenga
vachakuregereraiwo. 15 Asi kana musingaregereri vamwe zvitadzo zvavo,
Baba venyu havazokuregererai zvitadzo zvenyu.

### *Kutsanya*

16 "Pamunotsanya, musaunyanisa zviso sezvinoita vanyengeri nokuti
vanounyanisa zviso zvavo kuti vaonekwe navanhu kuti vari kutsanya.
Ndinokuudzai chokwadi kuti vatowana mubayiro wavo wakazara. 17 Asi
pamunotsanya, zorai mafuta mumisoro yenyu uye mugogeza kumeso
kwenyu, 18 kuitira kuti zvirege kuonekwa navanhu kuti muri kutsanya,
asi zvizivikanwe chete naBaba venyu avo vasingaonekwi. Uye Baba venyu
vanoona pakavandika, vachakupai mubayiro.

### *Pfuma yoKudenga*

19 "Musazviunganidzira pfuma panyika, pane zvipfukuto nengura
zvinoparadza, uye pane mbavha dzinopaza dzichiba. 20 Asi zviun-
ganidzirei pfuma kudenga uko kusina zvipfukuto nengura zvinoparadza,
uye kusina mbavha dzinopaza dzichiba. 21 Nokuti apo pane pfuma yako
ndipo pane mwoyo wakowo.

22 "Ziso ndiwo mwenje womuviri. Kana maziso ako akanaka, muviri
wako wose uchava nechiedza. 23 Asi kana maziso ako akaipa muviri wako
wose uchange uzere nerima. Zvino kana chiedza chiri mauri riri rima,
richange riri rima rakakura zvakadii!

24 "Hapana angakwanise kushandira vatenzi vaviri. Achavenga mumwe
uye agoda mumwe, kana kuti achazvipira kushandira mumwe uye
agozvidza mumwe. Haungashandire zvose Mwari neMari.

### *Musafunganya*

25 "Naizvozvo ndinokutaurirai kuti, musafunganya nezvoupenyu
hwenyu, kuti muchadyei kana kuti muchanwei, kana nezvemiviri kuti

muchapfekei. Ko, upenyu hahusi hwakakosha here kudarika zvokudya,
nomuviri kudarika nguo? 26 Tarirai shiri dzinobhururuka, hadzidyari
kana kukohwa kana kuisa zvokudya mumatura, asi Baba venyu vari
kudenga vanodzipa zvokudya. Imi hamuna kukosha kudzipfuura nokure
kwazvo here? 27 Ndiani pakati penyu angawedzera awa imwe chete
paupenyu hwake nokuda kwokufunganya?

28 "Ko, munofunganyirei pamusoro pezvokupfeka? Tarirai kuti maruva
esango anokura sei? Haashandi kana kuruka. 29 Asi ndinokuudzai
kuti kunyange naSoromoni mukubwinya kwake kwose, haana kum-
boshonga serimwe ramaruva aya. 30 Zvino kana Mwari achishongedza
saizvozvo uswa hwesango huripo nhasi uye mangwana huchizokandwa
mumoto, haangakushongedzei kupfuura izvi here, imi vokutenda kuduku?
31 Naizvozvo musafunganya muchiti, 'Tichadyei?' kana kuti, 'Tichanwei?'
kana 'Tichapfekei?' 32 Izvi ndizvo zvinoitwa nevedzimwe ndudzi, nokuti
Baba venyu vari kudenga vanoziva kuti munoda zvinhu izvi. 33 Asi tangai
kutsvaka umambo hwake nokururama kwake, uye zvinhu zvose izvi
zvichapiwawo kwamuri. 34 Naizvozvo musafunganya nezvamangwana
nokuti mangwana achazvifunganyira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rine
nhamo dzaro dzakarikwanira.

# 7

### *Kutonga Vamwe*

1 "Usatonga kuti newewo urege kutongwa. 2 Nokuti nzira yaunotonga
nayo vamwe ndiyo yauchatongwa nayo, uye chiero chaunoshandisa
ndicho chichashandiswa kwauri.

3 "Unotarisirei kabanzu kari muziso rehama yako, asi usina hanya
nepuranga riri muziso rako? 4 Ungati sei kuhama yako, 'Rega ndibvise
kabanzu kari muziso rako,' asi iwe nguva dzose uine puranga riri muziso
rako? 5 Iwe munyengeri, tanga wabvisa puranga riri muziso rako, ipapo
unozoona zvakanaka kuti ukwanise kubvisa kabanzu kari muziso rehama
yako.

6 "Musapa imbwa zvinhu zvitsvene, uye musakanda maparera enyu
kunguruve. Kana mukadaro, dzinogona kuatsika-tsika pasi petsoka, uye
ipapo dzikazokutendeukirai dzokubvambura-bvamburai.

### *Kumbirai, Tsvakai, Gogodzai*

7 "Kumbirai mugopiwa, tsvakai mugowana, gogodzai mugozarurirwa.
8 Nokuti munhu wose anokumbira anopiwa, anotsvaka anowana; uye
anogogodza anozarurirwa musiwo.

9 "Ndiani pakati penyu angati kana mwanakomana wake aka-
mukumbira chingwa, omupa ibwe? 10 Kana kuti akakumbira hove iye
omupa nyoka? 11 Zvino imi, kunyange zvenyu makaipa, muchiziva
kupa zvipo zvakanaka kuvana venyu, Baba venyu vari kudenga vachapa
zvipo zvakanaka sei kuna avo vanokumbira! 12 Saka muzvinhu zvose
itirai vamwe zvamunoda kuti vakuitirei imi, nokuti izvi ndizvo Murayiro
naVaprofita.

### *Suo Rakamanikana neSuo Rakapamhama*

13 "Pindai napasuo rakamanikana nokuti suo rakafara nenzira yaka-
pamhama zvinotungamirira kukuparadzwa, uye vazhinji vanopinda naro.

14 Asi suo duku nenzira yakamanikana ndizvo zvinotungamirira kuu-
penyu, uye vashoma chete, ndivo vanozviwana.

### *Muti noMuchero Wawo*

15 “Chenjererai vaprofita venhema, vanouya kwamuri vakapfeka mate-
hwe emakwai asi mukati mavo vari mapere anoparadza. 16 Muchavaziva
nemichero yavo. Vanhu vanganhonga mazambiringa pamuti weminzwa
here, kana maonde parukato? 17 Saizvozvo muti wose wakanaka
unobereka michero yakanaka, muti wakaipa unobereka michero yakaipa.
18 Muti wakanaka haungabereki michero yakaipa, nemuti wakaipa
haungabereki michero yakanaka. 19 Muti wose usingabereki michero
yakanaka unotemwa uye ugokandwa mumoto. 20 Naizvozvo muchavaziva
nemichero yavo.
21 “Havasi vose vanoti kwandiri, ‘Ishe, Ishe’ vachapinda muushe
hwokudenga, asi uyo chete anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga.
22 Vazhinji pazuva iro vachati kwandiri, ‘Ishe, Ishe, ko, hatina kuprofita
muzita renyuwo here, uye muzita renyu tikadzinga madhimoni, tikaita
zvishamiso?’ 23 Ipapo ndichavaudza pachena kuti, ‘Handina kutombokuzi-
vai. Ibvai zvenyu pandiri, imi vaiti vezvakaipa!’

### *Muvaki Akachenjera noMuvaki Benzi*

24 “Naizvozvo munhu anonzwa mashoko angu aya, uye akaaita,
akafanana nemurume akachenjera uyo akavaka imba yake paruware.
25 Mvura yakanaya, nzizi dzikazara, uye dutu remhepo rakauya rikarova
imba iya, asi haina kuputsika, nokuti hwaro hwayo hwaiva paruware.
26 Asi munhu wose anonzwa mashoko angu aya akasaaita, akafanana
nomurume benzi akavakira imba yake mujecha. 27 Mvura yakanaya, nzizi
dzikazara, uye dutu remhepo rakauya rikarova imba iya ikawa nokuwa
kukuru.”
28 Jesu akati apedza kutaura zvinhu izvi vazhinji vaivapo vakashamiswa
nokudzidzisa kwake, 29 nokuti akadzidzisa somurume aiva nesimba kwete
samadzidzisiro aiitwa navadzidzisi vavo vomurayiro.

## 8

### *Murume aiva naMaperembudzi*

1 Akati aburuka kubva mugomo, vanhu vazhinji vakamutevera.
2 Mumwe murume aiva namaperembudzi akauya akasvikopfugama paari
akati, “Ishe, kana muchida, munogona kundinatsa.”
3 Jesu akatambanudza ruoko rwake akabata murume uya akati, “Ndin-
oda. Chinatswa!” Pakarepo akabva aporeswa maperembudzi ake. 4 Ipapo
Jesu akati kwaari, “Ona kuti hapana waunotaurira uye ugopa chipo
chakarayirwa naMozisi sechapupu kwavari.”

### *Kutenda kwoMukuru weZana*

5 Jesu akati apinda muKapenaume, mukuru wezana akauya kwaari
achikumbira rubatsiro. 6 Akasvikoti, “Ishe, muranda wangu arere kumba,
akafa mitezo, uye ari kurwadziwa zvikuru.”
7 Jesu akati kwaari, “Ndichauya kuzomuporesa.”
8 Mukuru wezana akapindura akati, “Ishe, handina kukodzera kuti imi
mupinde mumba mangu. Asi ingotaurai henyu shoko, uye muranda
wangu achapora. 9 Nokuti ini pachangu ndiri munhu anorayirwa,
ndine varwi pasi pangu. Ndinoudza uyu kuti, ‘Enda,’ achienda; neuyo

ndichimuti, ‘Uya,’ achiuya. Ndinoti kumuranda wangu, ‘Ita izvi,’
achizviita.”
10 Jesu akati anzwa izvi, akashamiswa akati kuna avo vaimutevera,
“Ndinokuudzai chokwadi, handisati ndaona munhu ane rutendo rwakadai
muIsraeri. 11 Ndinoti kwamuri, vazhinji vachabva kumabvazuva noku-
madokero uye vachagara panzvimbo dzavo pamutambo pamwe chete
naAbhurahama, Isaka naJakobho muumambo hwokudenga. 12 Asi vadyi
venhaka youshe vachakandwa kunze, kurima uko kuchava nokuchema
nokurumanya kwameno.”
13 Ipapo Jesu akati kumukuru wezana, “Enda! Zvichaitika sokutenda
kwawaita.” Muranda wake akabva apora panguva iyoyo.

### *Jesu Anoporesa Vazhinji*

14 Jesu akati apinda mumba maPetro, akasvikowana mai vomukadzi
waPetro varere vachirwara nefivha. 15 Akabata ruoko rwavo fivha
ndokubva yapera, uye vakasimuka ndokubva vatanga kumushandira.
16 Ava madekwana, vazhinji vakanga vakabatwa namadhimoni vakauy-
iswa kwaari, uye akadzinga mweya iyoyo neshoko akaporesa vose vair-
wara. 17 Izvi zvaizadzisa zvakanga zvataurwa kubudikidza nomuprofita
Isaya zvichinzi:
“Akatakura utera hwedu hwose
uye akatakura zvirwere zvedu zvose.”

### *Mutengo woKutevera Jesu*

18 Jesu akati aona vanhu vazhinji vakamukomberedza akarayira kuti
vayambuke vaende kune rimwe divi regungwa. 19 Ipapo mumwe
mudzidzisi womurayiro akauya kwaari akati, “Mudzidzisi, ndichakutev-
erai kwose kwamunoenda.”
20 Jesu akapindura achiti, “Makava ane mwena yawo, shiri dzina
matendere adzo, asi Mwanakomana woMunhu haana paangatsamidza
musoro wake.”
21 Mumwewo mudzidzi akati, “Ishe chimboregai nditange
ndambonoviga baba vangu.”
22 Asi Jesu akati kwaari, “Nditevere, rega vakafa vavige vakafa vavo.”

### *Jesu Anonyaradza Dutu*

23 Ipapo akapinda muigwa uye vadzidzi vake vakamutevera.
24 Pakarepo, dutu guru rakamuka pagungwa zvokuti mafungu egungwa
akapfachukira pamusoro peigwa. Asi Jesu akanga avete. 25 Vadzidzi
vakaenda vakandomumutsa vachiti, “Ishe, tiponesei! Tava kunyura!”
26 Akavapindura achiti, “Imi vorutendo ruduku, munotyireiko kudai?”
Ipapo akasimuka akatsiura mhepo namafungu uye kukadzikama kwazvo.
27 Varume ava vakashamiswa uye vakabvunza vachiti, “Munhu akaita
seiko uyu? Kunyange mhepo namafungu zvinomuteerera!”

### *Kuporeswa kwaVarume Vaviri Vakanga Vakabatwa naMadhimoni*

28 Akati asvika mhiri kunyika yavaGadhara, akasangana navarume
vaviri vakanga vakabatwa namadhimoni. Varume ava vaiva nehasha
zvokuti hapana munhu aigona kupfuura naikoko. 29 Vakadanidzira
vachiti, “Munodeiko kwatiri, Mwanakomana waMwari? Mauya kuzotir-
wadzisa here iyo nguva yakatarwa isati yasvika?”
30 Nechokure navo, kwakanga kune boka guru renguruve rakanga
richifura. 31 Madhimoni akakumbirisa Jesu achiti, “Kana mukatidzinga,
titumirei muboka renguruve.”

32 Akati kwaari, "Endai!" Ipapo akabuda akandopinda munguruve,
uye boka rose rakamhanya richidzika kumawere amahombekombe
rikasvikowira mugungwa dzichibva dzafira mumvura. 33 Vaya vakanga
vachifudza nguruve vakamhanya vakandopinda muguta vakandotaura
zvose izvi, kusanganisira nezvakanga zvaitika kuvarume vaya vakanga
vane madhimoni. 34 Ipapo guta rose rakabuda rikandosangana naJesu.
Uye vakati vamuona, vakamukumbirisa kuti abve munyika yavo.

# 9

### *Jesu Anoporesa Munhu Akanga Akafa Mitezo*

1 Jesu akapinda mugwa akayambuka ndokusvika kuguta rokwake.
2 Vamwe varume vakauya nomunhu akanga akafa mitezo, avete pabonde.
Jesu akati aona kutenda kwavo akati kumunhu uya akafa mitezo, "Tsunga
mwoyo, mwana, zvivi zvako zvaregererwa."

3 Vachinzwa izvi, vamwe vadzidzisi vemirayiro vakati mumwoyo yavo,
"Munhu uyu ari kumhura Mwari!"

4 Achiziva pfungwa dzavo Jesu akati, "Sei muchifunga zvakaipa mum-
woyo yenyu? 5 Ndezvipi zvakareruka, kuti, 'Zvivi zvako waregererwa,'
kana kuti, 'Simuka ufambe'? 6 Asi kuti mugoziva kuti Mwanakomana
woMunhu ane simba panyika rokuregerera zvivi." Ipapo akati kumunhu
uya akanga akafa mitezo, "Simuka, tora bonde rako uende kumba."
7 Uye murume uya akasimuka akaenda kumba kwake. 8 Vanhu vazhinji
pavakazviona, vakazadzwa nokutya uye vakarumbidza Mwari uyo akanga
apa simba rakadai kuvanhu.

### *Kudanwa kwaMateo*

9 Jesu akati achipfuurira mberi achibva ikoko, akaona mumwe murume
ainzi Mateo agere pahofisi yomuteresi. Akati kwaari, "Nditevere," uye
Mateo akasimuka akamutevera.

10 Jesu akati agere mumba maMateo vachidya kudya kwamanheru,
vateresi vazhinji navatadzi vakauya vakadya naye navadzidzi vake.
11 VaFarisi vakati vaona izvi, vakabvunza vadzidzi vake vachiti, "Sei
mudzidzisi wenyu achidya navateresi navatadzi?"

12 Achinzwa izvi, Jesu akati, "Vasingarwari havatsvagi chiremba, asi
vanorwara. 13 Asi endai munodzidza kuti izvi zvinorevei zvinoti, 'Ndinoda
ngoni, kwete chibayiro.' Nokuti handina kuuya kuzodana vakarurama, asi
vatadzi."

### *Jesu Anobvunzwa neZvokutsanya*

14 Vadzidzi vaJohani vakauya kuzomubvunza vachiti, "Ko, sei isu
navaFarisi tichitsanya asi vadzidzi venyu vasingatsanyi."

15 Jesu akapindura achiti, "Zvingaitawo here kuti shamwari
dzechikomba dzicheme iye achiinavo? Nguva ichasvika iyo chikomba
chichabviswa kwavari, ipapo vachatsanya.

16 "Hapana munhu anosonera chigamba chitsva panguo tsaru, nokuti
chigamba chichabvarura nguo iya, buri racho richizobva ranyanya. 17 Uye
vanhu havangadiri waini itsva muhombodo tsaru. Kana vakadaro,
hombodo dzichaputika, waini ichateuka uye hombodo dzichaparara.
Kwete, vanodira waini itsva muhombodo itsva uye zvose zviri zviviri
zvinochengetedzeka."

### *Jesu Anomutsa Musikana Akanga Afa Uye Anoporesa Mukadzi Airwara*

[18] Akati achiri kutaura izvi, mumwe mutongi akauya
akasvikomupfugamira uye akati, "Mwanasikana wangu afa izvozvi.
Asi uyai muzoisa ruoko rwenyu paari agorarama." [19] Jesu akasimuka
akaenda naye pamwe chete navadzidzi vake.
[20] Pakarepo mumwewo mudzimai aitambudzwa nechirwere chokubuda
ropa kwamakore gumi namaviri akauya shure kwake akasvikobata
mupendero wenguo yake. [21] Akati nechomumwoyo, "Ndikangobata chete
nguo yake, ndichaporeswa."
[22] Jesu akatendeuka akamuona ndokubva ati kwaari, "Tsunga mwoyo
mwanasikana, kutenda kwako kwakuporesa." Mudzimai uyu akabva
aporeswa pakarepo.
[23] Jesu akati apinda mumba momutongi uya, akawana varidzi venyere
navazhinji vaiita mheremhere [24] akati, "Budai panze. Mwanasikana uyu
haana kufa asi avete." Asi vakamuseka. [25] Mushure mokunge vanhu
vazhinji ava vabudiswa panze, akapinda akasvikobata mwanasikana uya
ruoko achibva amuka. [26] Nhau dzezvakaitika izvi, dzakapararira nedunhu
rose.

### *Jesu Anoporesa Mapofu Maviri neMbeveve*

[27] Jesu akati achibvapo, akateverwa navarume vaviri vakanga
vari mapofu, vaishevedzera vachiti, "Mwanakomana waDhavhidhi,
tinzwireiwo ngoni!"
[28] Akati apinda mumba, mapofu aya akauya kwaari, uye Jesu akavab-
vunza achiti, "Munotenda here kuti ndinogona kukuitirai izvi?"
Vakapindura vakati, "Hongu, Ishe."
[29] Ipapo akabata meso avo uye akati, "Maererano nokutenda kwenyu,
ngazviitwe kwamuri." [30] Uye meso avo akabva asvinudzwa. Jesu
akavayambira chaizvo achiti, "Onai kuti hapana achazviziva izvi." [31] Asi
ivo vakaenda vakataura nezvake mudunhu rose iri.
[32] Vakati vachibuda, mumwe murume akanga ari mbeveve uye aka-
batwa nedhimoni akauyiswa kuna Jesu. [33] Dhimoni rakati radzingwa,
munhu uya akanga ari mbeveve akataura. Vanhu vazhinji vakashamiswa
uye vakati, "Zvakadai hazvisati zvamboonekwa muIsraeri."
[34] Asi vaFarisi vakati, "Anodzinga madhimoni nomukuru wamadhi-
moni."

### *Vashandi Vashoma*

[35] Jesu akafamba nomumaguta ose nemisha yose, achidzidzisa mumasi-
nagoge avo achiparidza nhau dzakanaka dzoumambo uye achiporesa zvir-
were zvose nehosha dzose. [36] Akati achiona vanhu vazhinji, akavanzwira
tsitsi nokuti vaishushwa uye vakanga vasina simba, vakaita samakwai
asina mufudzi. [37] Ipapo akati kuvadzidzi vake, "Kukohwa kukuru asi
vashandi vashoma. [38] Naizvozvo kumbirai kuna Ishe wokukohwa kuti
atumire vashandi mukukohwa kwake."

## 10

### *Jesu Anotuma Vane Gumi Navaviri*

[1] Akadana vadzidzi vake gumi navaviri akavapa simba rokudzinga
mweya yakaipa nokuporesa marudzi ose ezvirwere namarudzi ose
ehosha.

[2] Zvino aya ndiwo mazita avapostori gumi navaviri:

wokutanga ndiSimoni ainzi Petro nomunun'una wake Andirea;
Jakobho mwanakomana waZebhedhi nomunun'una wake Johani;
3 Firipi naBhatoromeo;
Tomasi naMateo muteresi;
Jakobho mwanakomana waArifeasi naTadheo;
4 Simoni muZiroti naJudhasi Iskarioti uyo akazomupandukira.

5 Jesu akatuma gumi navaviri ava, akavarayira achiti, "Musaenda mun-
zira yeveDzimwe Ndudzi kana kupinda muguta ripi zvaro ravaSamaria.
6 Asi endai kumakwai akarasika eimba yaIsraeri. 7 Pamunoenda,
muparidze muchiti, 'Umambo hwokudenga hwaswedera.' 8 Poresai
vanorwara, mutsai vakafa, natsai vaya vana maperembudzi, dzingai
madhimoni. Makagamuchira pasina muripo, chingopaiwo pasina muripo.
9 Musatakura goridhe, kana sirivha kana ndarira, muzvikwama zvenyu;
10 musatakura hombodo yorwendo kana dzimwe nguo, shangu kana
tsvimbo nokuti mushandi anofanira kurarama nomubayiro webasa rake.
11 "Muguta ripi neripi nomusha upi noupi wamunenge mapinda,
tsvakai munhu akakodzera uye mugogara mumba make kusvikira mab-
vamo. 12 Pamunopinda mumusha, kwazisai vanenge varimo. 13 Kana
musha uyu wakakodzera, rugare rwenyu ngaruuye pauri asi kana usina
kukodzera, rugare rwenyu ngarudzokere kwamuri. 14 Kana ani naani
zvake akasakugamuchirai, kana kuteerera mashoko enyu, gumai guruva
retsoka dzenyu pamunenge mobva pamusha ipapo kana muguta imomo.
15 Ndinokuudzai chokwadi kuti zvichava nani kuSodhomu neGomora
pazuva rokutongwa pane zvichaitwa kuguta iroro. 16 Ndiri kukutumai
samakwai pakati pamapere. Naizvozvo chenjerai senyoka uye mugova
vasina mhosva senjiva.
17 "Chenjerai kuti vanhu vachakuisai kumatare uye vagokurovai mu-
masinagogе avo. 18 Nokuda kwangu, vachakuendesai pamberi pavabati
namadzishe kuti muve zvapupu zvangu kwavari nokune veDzimwe
Ndudzi. 19 Asi kana vakusungai, musafunganya pamusoro pokuti
muchataurei kana kuti muchataura sei. Panguva iyoyo muchapiwa
zvokutaura, 20 nokuti munenge musiri imi munotaura, asi Mweya waBaba
venyu uchataura nomamuri.
21 "Mukoma achaurayisa munun'una wake, nababa mwana wavo,
vana vachapandukira vabereki vavo uye vachavaurayisa. 22 Vanhu
vose vachakuvengai nokuda kwangu, asi uyo achatsungirira kusvikira
kumagumo achaponeswa. 23 Kana mukatambudzwa mune rimwe guta,
tizirai kune rimwe. Ndinokuudzai chokwadi kuti hamungatizira ku-
maguta ose omuIsraeri Mwanakomana woMunhu asati adzoka.
24 "Mudzidzi haasi mukuru kumudzidzisi wake, kana muranda kuna
ishe wake. 25 Zvakakwana kuti mudzidzi ave somudzidzisi wake nomuran-
dawo sashe wake. Zvino kana mukuru weimba akanzi ndiBheerizebhubhi,
vachadaro zvikuru sei kune veimba yake!
26 "Naizvozvo musavatya. Hapana chakavanzika chisingazobudiswi
pachena kana chakavigwa chisingazozivikanwi. 27 Zvandinokuudzai
murima muzvitaure muchiedza; zvinozevezerwa munzeve dzenyu,
muzviparidze muri pamusoro pedzimba. 28 Musatya avo vanouraya
muviri asi vasingagoni kuuraya mweya. Asi ityai uyo anogona kuparadza
zvose muviri nomweya mugehena. 29 Ko, shiri duku mbiri hadzitengeswi
nesendi here? Kunyange zvakadaro hapana imwe chete yadzo inowira

pasi kunze kwokunge Baba venyu vazvibvumira. 30 Uye kunyange
nebvudzi riri mumusoro yenyu rakaverengwa. 31 Naizvozvo musatya
nokuti munokosha kupfuura shiri duku zhinji.

32 "Ani naani anondipupura pamberi pavanhu neniwo ndichamupupura
pamberi paBaba vangu vari kudenga. 33 Asi ani naani anondiramba
pamberi pavanhu, neni ndichamurambawo pamberi paBaba vangu vari
kudenga.

34 "Musafunga kuti ndakauya kuzouyisa rugare panyika. Handina kuuya
kuzouyisa rugare asi munondo. 35 Ndakauya kuti:

" 'mwanakomana apesane nababa vake,
mwanasikana apesane namai vake,
muroora apesane navamwene vake,
36 vavengi vomunhu vachava hama dzake dzomumba.'

37 "Ani naani anoda baba vake kana mai vake kupfuura ini haana
kukodzera kuva wangu; uye ani naani anoda mwanakomana kana
mwanasikana wake kupfuura ini haana kukodzera kuva wangu. 38 Uye
uyo asingatakuri muchinjikwa wake akanditevera haana kukodzera kuva
wangu. 39 Ani naani anowana upenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi
uyo acharasikirwa noupenyu hwake nokuda kwangu achahuwana.

40 "Anokugamuchirai anogamuchira ini, uye anogamuchira ini anoga-
muchira iye akandituma. 41 Ani naani anogamuchira muprofita nokuti
muprofita achagamuchira mubayiro womuprofita, uye ani naani anoga-
muchira munhu akarurama nokuda kwokuti akarurama, achagamuchira
mubayiro womunhu akarurama. 42 Uye kana munhu akapa mukombe
wemvura inotonhorera kuno mumwe wavaduku ava nokuda kwokuti
iye mudzidzi wangu, ndinokuudzai chokwadi kuti haazorasikirwi no-
mubayiro wake."

# 11

## *Jesu naJohani Mubhabhatidzi*

1 Jesu akati apedza kurayira vadzidzi vake gumi navaviri, akabvapo
akandodzidzisa nokuparidza mumaguta omuGarirea.

2 Zvino Johani ari mutorongo, paakanzwa nezvamabasa aJesu, akabva
atuma vadzidzi vake 3 kundobvunza vachiti, "Ko, ndimi iye akanzi
achauya here, kana kuti totarisira mumwe?"

4 Jesu akavapindura achiti, "Dzokerai mundoudza Johani zvamuri kun-
zwa nezvamuri kuona: 5 Mapofu ava kuona, zvirema zvava kufamba, vana
maperembudzi vanoporeswa, matsi dzonzwa, vakafa vari kumutswa, uye
kuti nhau dzakanaka dziri kuparidzirwa varombo. 6 Akaropafadzwa
munhu asingagumburwi nokuda kwangu."

7 Vadzidzi vaJohani pavakanga voenda, Jesu akatanga kuudza vanhu
vazhinji nezvaJohani achiti, "Makaenda kurenje kundoonei? Rutsanga
rwaizungunuswa nemhepo here? 8 Kana zvisizvo, makabuda kundoonei?
Maindoona murume akanga akapfeka nguo dzakanaka here? Kwete, avo
vanopfeka nguo dzakanaka vari mumizinda yamadzimambo. 9 Zvino
makabuda kundooneiko? Muprofita here? Hongu, ndinoti kwamuri
anopfuura muprofita. 10 Iyeyu ndiye akanyorwa nezvake zvichinzi:

"Ndinotuma nhume yangu mberi kwako
uye achakugadzirira nzira yako mberi kwako."

11 Ndinokuudzai chokwadi kuti: Pavanhu vose vakaberekwa navakadzi,
hapana mukuru kuna Johani Mubhabhatidzi. Asi mudukusa muushe
hwokudenga mukuru kwaari. 12 Kubva pamazuva aJohani Mubhabhatidzi
kusvikira zvino, umambo hwokudenga hwanga huchipfuurira mberi
nechisimba, uye varume vechisimba vanohutora. 13 Nokuti Vaprofita vose
neMirayiro vakaprofita kusvikira pana Johani. 14 Kana muchida kuzviga-
muchira, ndiye Eria akanga achizouya. 15 Uyo ane nzeve dzokunzwa
ngaanzwe.
16 "Rudzi urwu ndingaruenzanisa nei? Vakafanana navana vari
mumisika vari kudanidzira kuna vamwe vachiti:
17 " 'Takakuridzirai hwamanda,
asi hamuna kutamba;
takaimba rwiyo rworufu,
uye hamuna kuchema.'
18 Nokuti Johani akanga asingadyi kana kunwa asi vakati, 'Ane dhimoni.'
19 Mwanakomana woMunhu akanga achidya uye achinwa, zvino vanoti,
'Houno wamakaro nomunwi, shamwari yavateresi na"vatadzi".' Asi
uchenjeri hunozviratidza kuti hwakarurama namabasa ahwo."

### *Nhamo kuMaguta Asina Kutendeuka*

20 Ipapo Jesu akatanga kutuka maguta akanga aitwa zvishamiso zvake
zvizhinji, nokuti akanga asina kutendeuka. 21 "Une nhamo iwe Ko-
razini! Une nhamo iwe Bhetisaidha! Kudai zvishamiso zvakaitwa
mauri zvainge zvakaitwa muTire neSidhoni vangadai vakatendeuka kare
vakapfeka masaga uye vakazvizora dota. 22 Asi ndinokuudzai kuti Tire
neSidhoni zvicharerukirwa pazuva rokutongwa kupfuura imi. 23 Uye
iwe Kapenaume, uchasimudzirwa kudenga here? Kwete, asi uchaiswa
pakadzikadzika. Dai zvishamiso zvakaitwa mauri zvainge zvakaitwa
muSodhomu, ringadai richiripo nanhasi. 24 Asi ndinokuudza kuti guta
reSodhomu richarerukirwa pazuva rokutongwa kupfuura iwe."

### *Zororo kune Vakaneta*

25 Panguva iyoyo Jesu akati, "Ndinokurumbidzai Baba, Ishe wedenga
nenyika, nokuti makavanza zvinhu izvi kuna vakachenjera navakadzidza,
uye mukazvizarurira kuvana vaduku. 26 Hongu, Baba nokuti izvi ndizvo
zvakakufadzai.
27 "Zvinhu zvose zvakapiwa kwandiri naBaba vangu. Hakuna anoziva
Mwanakomana kunze kwaBaba, uye hakuna anoziva Baba kunze
kwoMwanakomana naavo chete Mwanakomana vaanenge asarudza kuti
avazarurire.
28 "Uyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakupai
zororo. 29 Takurai joko rangu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro
uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo remweya
yenyu. 30 Nokuti joko rangu hariremi uye mutoro wangu wakareruka."

## 12

### *Ishe weSabata*

1 Panguva iyoyo Jesu akapfuura nomuminda yaiva nezviyo uri musi
weSabata. Vadzidzi vake vakanga vava nenzara ndokubva vatanga
kupurura hura hwezviyo zviya vachidya. 2 VaFarisi pavakazviona, vakati
kwaari, "Tarirai, vadzidzi venyu vari kuita zvisingabvumirwi nomusi
weSabata."

3 Akati kwavari, “Ko, hamuna kuverenga here zvakaitwa naDhavhidhi
navamwe vake pavakanga vava nenzara? 4 Akapinda muimba yaMwari
iye nevamwe vake vakadya chingwa chitsvene chavaisabvumirwa kudya,
asi chaingodyiwa navaprista chete. 5 Kana kuti hamuna kuverenga here
muMurayiro kuti nomusi weSabata vaprista mutemberi vanosvibisa zuva
iri asi vasingapiwi mhosva? 6 Ndinokuudzai kuti mukuru kupfuura
temberi ari pano. 7 Dai maiziva zvinorehwa namashoko anoti, ‘Ndinoda
ngoni, kwete zvibayiro,’ hamaizopa mhosva vasina mhosva. 8 Nokuti
Mwanakomana woMunhu ndiye Ishe weSabata.”

9 Achipfuurira mberi kubva panzvimbo iyoyo, akapinda musinagoge
ravo, 10 uye makanga muno murume akanga ano ruoko rwakanga
rwakakokonyara. Vachitsvaka mhosva yokupomera Jesu vakamubvunza
vakati, “Zviri pamutemo here kuporesa nomusi weSabata?”

11 Akati kwavari, “Kana mumwe wenyu aine gwai, rikawira mugomba
nomusi weSabata, haangatambanudzi ruoko rwake akaribudisa here?
12 Ko, zvino munhu anokosha zvakadini pane gwai! Naizvozvo zviri
pamutemo kuita zvakanaka nomusi weSabata.”

13 Akati kumurume uya, “Tambanudza ruoko rwako.” Akarutam-
banudza rukapora rukava sorumwe. 14 Asi vaFarisi vakabuda kundoran-
gana kuti vangamuuraya sei.

### *Muranda Akasarudzwa naMwari*

15 Achiziva izvi, Jesu akabva panzvimbo iyi. Vazhinji vakamutevera,
akaporesa varwere vavo vose. 16 Akavayambira kuti vasafamba vachi-
taura kuti iye ndiye ani. 17 Izvi zvakanga zvichizadzisa zvainge zvataurwa
nomuprofita Isaya achiti:

18 “Houno muranda wangu wandakasarudza,
wandinoda, anondifadza;
ndichaisa Mweya wangu paari,
iye achazivisa nyika kutonga kwakarurama.
19 Haazokakavari kana kuridza mhere;
hakuna anozonzwa inzwi rake mumigwagwa.
20 Rutsanga rwakapwanyika haangarutyori,
nomwenje unopfuta zvishoma haangaudzimi,
kusvikira atungamirira kutonga kwakarurama mukukunda.
21 Marudzi ose achaisa tariro yawo muzita rake.”

### *Jesu naBheerizebhubhi*

22 Ipapo vakauya kwaari nomurume akanga akabatwa nedhimoni ari
bofu uye ari mbeveve, uye Jesu akamuporesa, zvokuti akagona zvose
kutaura nokuona. 23 Vanhu vose vakashamiswa uye vakati, “Kuti uyu
angava Mwanakomana waDhavhidhi here?”

24 Asi vaFarisi pavakanzwa izvi, vakati, “NdiBheerizebhubhi chete,
muchinda wamadhimoni, waanodzinga naye madhimoni.”

25 Jesu akaziva pfungwa dzavo akati kwavari, “Umambo hwose
hunozvipesanisa huchaparara, uye guta ripi neripi kana imba ipi neipi
inozvipesanisa haingamiri. 26 Zvino kana Satani achibudisa mumwe
Satani, zvinoreva kuti anozvipesanisa. Saka umambo hwake hungamira
sei? 27 Zvino kana ini ndichibudisa madhimoni naBheerizebhubhi, ko,
vanakomana venyu vanoabudisa naani? 28 Asi kana ndichibudisa madhi-
moni noMweya waMwari zvinoreva kuti umambo hwaMwari hwasvika
kwamuri.

29 “Uyezve, munhu angapinda sei mumba momunhu ane simba agoenda
nezvinhu zvake asina kutanga asunga munhu uyu ane simba? Ipapo
anogona kuzopamba imba yake.
30 “Uyo asineni anopesana neni, nouyo asingaunganidzi neni
anoparadza. 31 Uye naizvozvo ndinokuudzai kuti, vanhu vacharegererwa
zvivi zvose nokumhura kwose asi kumhura Mweya hakuzoregererwi.
32 Ani naani achataura zvakaipa pamusoro poMwanakomana woMunhu
acharegererwa, asi ani naani achataura zvakaipa pamusoro poMweya
Mutsvene haazoregererwi, kunyange panguva ino kana inouya.
33 “Itai kuti muti uve wakanaka uye michero yawo ichava yakanaka
kana kuti itai kuti muti uve wakaipa, uye michero yawo ichava yakaipa,
nokuti muti uchazivikanwa nemichero yawo. 34 Imi vana venyoka,
zvingaitike here kuti imi makaipa kudai mutaure chipi zvacho chakanaka?
Nokuti muromo unotaura zviri mumwoyo. 35 Munhu akanaka anobudisa
zvakanaka zvagara zviri mudura romwoyo wake, uye munhu akaipa
anobudisa zvakaipa zvagara zviri mudura romwoyo wake. 36 Asi ndi-
nokuudzai kuti vanhu vachazvidavirira pamusi wokutongwa pamusoro
peshoko rimwe nerimwe ravakataura risina maturo. 37 Nokuti namashoko
ako ucharuramisirwa, uye namashoko ako uchawanikwa une mhosva.”

### *Chiratidzo chaJona*

38 Ipapo vamwe vaFarisi navadzidzisi vomurayiro vakati kwaari,
“Mudzidzisi, tinoda kuona chiratidzo chechishamiso kubva kwamuri.”
39 Akavapindura akati, “Rudzi rwakaipa nerwoupombwe runokumbira
chiratidzo! Asi hapana chiratidzo chichapiwa kwarwuri kunze chete
kwechiratidzo chomuprofita Jona. 40 Nokuti Jona sezvaakaita mazuva
matatu nousiku hutatu ari mudumbu rehove huru, saizvozvo Mwanako-
mana woMunhu achava mumwoyo wenyika kwamazuva matatu nousiku
hutatu. 41 Vanhu veNinevhe vachamira pakutongwa pamwe chete norudzi
urwu uye vacharupa mhosva; nokuti vakatendeuka pakuparidza kwaJona,
uye zvino mukuru kuna Jona ari pano. 42 Mambokadzi weZasi achasimuka
pakutongwa pamwe chete norudzi urwu uye acharupa mhosva, nokuti
akabva kumagumo enyika kuti azoteerera kuuchenjeri hwaSoromoni, uye
zvino mukuru kuna Soromoni ari pano.
43 “Kana mweya wakaipa wabva pano munhu, unofamba-famba no-
munzvimbo dzakaoma uchitsvaka zororo asi unorishaya. 44 Ipapo unoti,
‘Ndichadzokera kumba kwandakabva.’ Kana wasvika, unosvikowana
imba iya isina ageremo, asi yakanyatsotsvairwa zvakachena nokunyat-
sorongedzwa zvakanaka. 45 Ipapo unobva waenda kundotsvaka mimwe
mweya minomwe yakaipa kukunda iwo, uye inopinda igogaramo. Uye
kupedzisira kwomunhu uyu kwakaipa kupfuura kutanga kwake. Ndizvo
zvazvichaita kurudzi urwu rwakaipa.”

### *Mai vaJesu naVanun’una Vake*

46 Jesu paakanga achiri kutaura kuvanhu vazhinji, mai vake nava-
nun’una vake vakamira panze vachida kutaura naye. 47 Mumwe akati
kwaari, “Mai venyu navanun’una venyu vamire panze, vari kuda kutaura
nemi.”
48 Akamupindura akati, “Ko, mai vangu ndiani, navanun’una vangu
ndivanaani?” 49 Achinongedzera vadzidzi vake akati, “Ava ndivo mai
vangu navanun’una vangu. 50 Nokuti ani naani anoita kuda kwaBaba
vangu vari kudenga ndiye mununun’una wangu nehanzvadzi yangu, namai
vangu.”

# 13

*Mufananidzo woMukushi*

1 Musi mumwe chetewo, Jesu akabuda mumba akandogara nechoku-
gungwa. 2 Vanhu vazhinji vakamuunganira zvokuti akapinda mugwa
akagaramo, vanhu vose vakamira kumahombekombe. 3 Ipapo akavaudza
zvinhu zvizhinji nemifananidzo, achiti, “Murimi akabuda kundokusha
mbeu dzake. 4 Paakanga achikusha mbeu, dzimwe dzakawira munzira,
shiri dzikauya dzikadzidya. 5 Dzimwe dzakawira parukangarahwe,
padzakashaya ivhu rakakwana. Dzakamera nokukurumidza nokuti ivhu
rakanga risina kudzika. 6 Asi zuva rakati rabuda, mbeu dzakatsva
dzikaoma nokuti dzakanga dzisina midzi. 7 Dzimwe mbeu dzakawira
muminzwa, minzwa ikakura ikadzivhunga. 8 Dzimwewo mbeu dzakawira
pavhu rakanaka, dzikabereka zvakapetwa kazana, kana zvakapetwa
makumi matanhatu kana makumi matatu pane dzainge dzakushwa. 9 Uyo
ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe.”

10 Vadzidzi vakauya kwaari vakasvikomubvunza vachiti, “Ko, munotau-
rirei kuvanhu nemifananidzo?”

11 Akapindura achiti, “Ruzivo rwezvakavanzika zvoumambo hwoku-
denga rwakapiwa kwamuri imi, asi kwete kwavari. 12 Kune anazvo
achapiwazve zvimwe, uye achava nezvakawanda. Asi ani naani asina
kunyange nezvishoma zvaanazvo achazvitorerwa. 13 Ndokusaka ndichi-
taura kwavari nemifananidzo:

“Kunyange vachiona asi havaoni,
kunyange vachinzwa asi havanzwi kana kunzwisisa.

14 Mavari munozadzisa chiprofita chaIsaya chinoti:

“ ‘Muchangoramba muchinzwa asi musinganzwisisi;
muchangoramba muchiona asi musingaonesesi.

15 Nokuti mwoyo yavanhu ava mikukutu,
havatombonzwi nenzeve dzavo,
uye vakatsinzina meso avo.
Zvichida vangaona nameso avo,
vakanzwa nenzeve dzavo,
vakanzwisisa nemwoyo yavo,
vakapinduka, uye ndikavaporesa.’

16 Asi akaropafadzwa meso enyu nokuti anoona nenzeve dzenyu nokuti
dzinonzwa. 17 Nokuti, ndinokuudzai chokwadi kuti vaprofita vazhinji
navanhu vakarurama vaida kuona zvinhu zvamuri kuona asi havana
kuzviona, nokunzwa zvamuri kunzwa asi havana kuzvinzwa.

18 “Teererai zvino munzwe zvinorehwa nomufananidzo womukushi:
19 Kana munhu akanzwa shoko roumambo, akasarinzwisisa, akaipa
anouya osvikobvuta zviya zvanga zvadyarwa mumwoyo make. Iyi
ndiyo mbeu yakakushwa munzira. 20 Uyo akagamuchira mbeu yakawira
parukangarahwe, ndiye munhu anonzwa shoko, pakarepo origamuchira
norufaro. 21 Asi nokuti haana mudzi, anongorarama naro kwechinguva
chipfupi. Kana nhamo kana kutambudzwa zvauya nokuda kweshoko,
anokurumidza kugumburwa. 22 Uyo akagamuchira mbeu yakawira
muminzwa, munhu anonzwa shoko asi kufunganya kwenyika nokun-
yengera kwepfuma zvinorivhunga robva rashaya zvibereko. 23 Asi uyo
anogamuchira shoko rakawira muvhu rakanaka ndiye munhu anonzwa
shoko orinzwisisa. Ndiye anobereka mbeu inoburitsa zana, kana makumi
matanhatu kana makumi matatu ezvakakushwa.”

### *Mufananidzo waMasawi*

24 Jesu akavaudza mumwe mufananidzo achiti, "Umambo hwokudenga
hunofananidzwa nomunhu akakusha mbeu yakanaka mumunda make.
25 Asi munhu wose avete, muvengi wake akauya akakusha sawi pakati
pegorosi, ndokubva aenda. 26 Asi kuzoti gorosi ramera rikatumbuka, ipapo
sawi rakaonekwawo.

27 "Varanda vomuridzi womunda vakauya kwaari vakasvikoti, 'Ishe,
hamuna kukusha mbeu yakanaka mumunda menyu here? Ko, zvino sawi
rakazobvepi?'

28 "Akavapindura achiti, 'Muvengi ndiye akaita izvi.'

"Varanda vakamubvunza vakati, 'Munoda kuti tiende kunoridzura
here?'

29 "Akapindura akati, 'Kwete, nokuti paya pamunodzura sawi, munga-
zodzura pamwe chete nezviyo. 30 Regai zvikurirane pamwe chete,
tozozviona pakukohwa. Panguva iyoyo ndinozoudza vakohwi kuti:
Tangai kuunganidza sawi murisunge muzvisote zvichazopiswa. Mushure
mozounganidza gorosi mugoriisa mudura rangu.' "

### *Mufananidzo weMbeu yeMasitadhi noweMbiriso*

31 Akavaudzazve mumwe mufananidzo achiti, "Umambo hwokudenga
hwakafanana nembeu yemasitadhi iyo yakatorwa nomunhu akaidyara
mumunda make. 32 Kunyange zvazvo iri iyo mbeu dukusa pambeu
dzenyu, asi painokura ndiyo huru kwazvo pambeu dzose dzomubindu uye
inova muti wokuti shiri dzedenga dzinouya dzichimhara pamapazi awo."

33 Akavaudzazve mumwe mufananidzo achiti, "Umambo hwokudenga
hwakafanana nembiriso, iyo inotorwa nomunhukadzi oisanganisa nefu-
rawa yakawanda, kusvikira yapinda muchikanyiwa chose."

34 Jesu akataura zvinhu izvi zvose kuvanhu nemifananidzo. Haana
chaakataura kwavari asingashandisi mifananidzo. 35 Saizvozvo
zvakazadziswa zvakanga zvataurwa kubudikidza nomuprofita zvichinzi:

"Ndichataura nemifananidzo,
ndichataura zvinhu zvakavanzika kubva pakusikwa kwenyika."

### *Kududzirwa kwoMufananidzo waMasawi*

36 Ipapo akasiya vanhu vazhinji akapinda mumba. Vadzidzi
vake vakauya kwaari vakasvikoti, "Titsanangurirei zvinorehwa nomu-
fananidzo wamasawi mumunda."

37 Akapindura akati, "Uyo akadyara mbeu yakanaka ndiye Mwanako-
mana woMunhu. 38 Munda ndiyo nyika, uye mbeu yakanaka in-
omirira vanakomana voumambo. Masawi ndiwo vanakomana vowakaipa,
39 muvengi anoadyara ndiye dhiabhori. Kukohwa ndiko kuguma
kwenyika, uye vakohwi ndivo vatumwa.

40 "Sokudzurwa kunoitwa masawi achipiswa mumoto, ndizvo
zvazvichaita pakuguma kwenyika. 41 Mwanakomana woMunhu
achatuma vatumwa vake uye vachadzura kubva muumambo hwake
zvose zvinokonzera chivi navose vanoita zvakaipa. 42 Vachavakanda
muvira romoto umo muchava nokuchema nokurumanya kwameno.
43 Ipapo vakarurama vachapenya sezuva vari muumambo hwaBaba vavo.
Uyo ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe.

### *Mufananidzo wePfuma Yakavigwa noweParera*

44 “Umambo hwokudenga hwakafanana nepfuma yakavigwa mumunda.
Mumwe murume akati aiwana, akaivigazve, uye ipapo mukufara kwake,
akaenda akandotengesa zvose zvaaiva nazvo ndokutenga munda iwoyo.
45 “Umambo hwokudenga hwakafananazve nomutengesi wezvinhu
anotsvaka maparera akaisvonaka. 46 Akati awana rimwe rawo rinokosha
akaenda akandotengesa zvose zvaakanga anazvo uye akaritenga.

### *Mufananidzo woUsvasvi*

47 “Zvakare umambo hwokudenga hwakafanana nousvasvi
hwakakandwa mugungwa uye hukabata marudzi ose ehove.
48 Pahwakanga hwazara vabati vehove vakahukwevera kunze
kumahombekombe. Ipapo vakagara pasi vakasarudza hove dzakanaka
vakadziisa mumidziyo, asi dzakaipa vakadzirasa. 49 Izvi ndizvo
zvazvichaita pakuguma kwenyika. Vatumwa vachauya vagotsaura
vakaipa kubva kune vakarurama, 50 uye vagovakanda muvira romoto,
kuchava nokuchema nokurumanya kwameno.”
51 Jesu akabvunza akati, “Manzwisisa zvinhu izvi zvose here?”
Vakapindura vakati, “Hongu.”
52 Akati kwavari, “Naizvozvo mudzidzisi mumwe nomumwe womu-
rayiro akadzidziswa nezvoumambo hwokudenga akafanana nomuridzi
weimba anoburitsa pfuma itsva netsaru muimba yake yokuchengetera
zvinhu.”

### *Muprofita Haakudzwi muNyika Yake*

53 Jesu akati apedza mifananidzo iyi, akabvapo. 54 Akapinda muguta
rokwake akatanga kudzidzisa vanhu musinagoge ravo, uye vakashamiswa
nazvo. Vakabvunza vachiti, “Murume uyu akawanepi uchenjeri uhu
namasimba ezvishamiso aya? 55 Ko, haasi mwanakomana womuvezi
here? Mai vake havasi Maria here, navanun’una vake havasi Jakobho,
Josefa, Simoni naJudhasi? 56 Uye hanzvadzi dzake hadzisi pakati pedu
dzose here? Ko, zvino murume uyu akawanepi zvinhu zvose izvi?”
57 Vakagumburwa naye.
Asi Jesu akati kwavari, “Muprofita haashayiwi kukudzwa asi munyika
yake nomumba make.”
58 Uye haana kuzoita zvishamiso zvizhinji imomo nokuda kwokusatenda
kwavo.

## 14

### *Johani Mubhabhatidzi Anogurwa Musoro*

1 Panguva iyoyo mambo Herodhi akanzwa nezvaJesu 2 uye akati
kuvaranda vake, “Uyu ndiJohani Mubhabhatidzi; amuka kubva kuvakafa!
Ndokusaka masimba ezvishamiso achishanda maari.”
3 Zvino Herodhi ainge abata Johani akamusunga achibva amuisa
mutorongo nokuda kwaHerodhiasi mudzimai waFiripi, munun’una wake,
4 sezvo Johani ainge ati kwaari, “Hautenderwi kutora mukadzi uyu.”
5 Herodhi aida kuuraya Johani asi aitya vanhu nokuti vaimuona somuprof-
ita.
6 Asi zuva rokupemberera kuberekwa kwaHerodhi rakati rasvika,
mwanasikana waHerodhiasi akatamba pamberi pavo uye zvikafadza
Herodhi kwazvo, 7 zvokuti akamuvimbisa nemhiko kuti aizomupa chipi
nechipi chaaizokumbira. 8 Arayirwa namai vake mwanasikana akati,
“Ndipei pano musoro waJohani Mubhabhatidzi uri mundiro.” 9 Mambo

akasuwiswa nazvo, asi nokuda kwemhiko yake uye navaainge agere navo
pakudya, akarayira kuti upiwe kwaari, [10] ndokutuma vanhu kundogura
musoro waJohani mutorongo. [11] Uye musoro wake wakauyiwa nawo
uri mundiro ukapiwa kumusikana, iye akaenda nawo kuna mai vake.
[12] Vadzidzi vaJohani vakauya vakatora mutumbi wake vakandouviga.
Vakazoenda vakandoudza Jesu.

### *Jesu Anopa Vanhu Zviuru Zvishanu Zvokudya*

[13] Jesu paakanzwa zvakanga zvaitika, akabvapo negwa
zvisingazivikanwi nevazhinji akaenda kurenje. Vachinzwa izvi, vanhu
vazhinji vakamutevera netsoka vachibva kumaguta. [14] Paakabuda
mugwa, Jesu akaona vanhu vazhinji, akavanzwira tsitsi uye akaporesa
varwere vavo.

[15] Zvino ava madekwana, vadzidzi vake vakauya kwaari vakati, "Tiri
musango, uye kwava kusviba. Endesai vanhu ava, kuti vaende mumisha
vandozvitengera zvokudya."

[16] Jesu akapindura achiti, "Havafaniri kuenda. Imi vapei chavangadye."

[17] Ivo vakapindura vakati, "Pano tinongova nezvingwa zvishanu nehove
mbiri."

[18] Akati, "Uyai nazvo kuno kwandiri." [19] Uye akarayira kuti vanhu
vagare pasi pauswa. Akatora zvingwa zvishanu nehove dziya mbiri
akatarira kudenga akavonga, akazviropafadza uye akazvimedura. Ipapo
akazvipa kuvadzidzi, vadzidzi vakapa vanhu. [20] Vose vakadya vak-
aguta, uye vadzidzi vakaunganidza zvimedu zvainge zvasara zvikazadza
matengu gumi namaviri. [21] Vanhu vakadya vaisvika varume zviuru
zvishanu pasingaverengwi vakadzi navana.

### *Jesu Anofamba Pamusoro peMvura*

[22] Pakarepo Jesu akaudza vadzidzi vake kuti vapinde mugwa vafan-
otungamira kuenda kune rimwe divi, iye ndokusara achiendesa vanhu
vazhinji ava. [23] Mushure mokuendesa vanhu vazhinji ava, akakwira
mugomo ari oga kundonyengetera. Madekwana akasvika iye achingovako
ari oga, [24] asi igwa rakanga rava chinhambwe chikuru kwazvo kubva
kunyika asi richitambudzwa namasaisai nokuti mhepo yairwisana naro.

[25] Panguva yechina yousiku Jesu akaenda kwavari, achifamba pamusoro
pegungwa. [26] Vadzidzi pavakamuona achifamba pamusoro pegungwa
vakatya kwazvo. Vakaridza mhere nokutya vakati, "Hero dzangaradz-
imu!"

[27] Asi pakarepo Jesu akati kwavari, "Musatya, ndini!"

[28] Petro akapindura akati, "Ishe, kana murimi ndirayirei kuti ndiuye
kwamuri ndichifamba pamusoro pemvura."

[29] Iye akati, "Uya."

Ipapo Petro akabuda mugwa akafamba pamusoro pemvura akananga
kuna Jesu. [30] Asi akati achiona mhepo ine simba, akatya, ndokubva atanga
kunyura, achibva adanidzira achiti, "Ishe, ndiponesei!"

[31] Pakarepo Jesu akatambanudza ruoko rwake akamubata, uye akati
kwaari, "Iwe wokutenda kuduku, sei wakahadzika?"

[32] Uye pavakapinda mugwa, mhepo yakanyarara. [33] Ipapo vaya
vaiva mugwa vakamunamata vachiti, "Chokwadi muri Mwanakomana
waMwari."

[34] Kuzoti vayambukira mhiri, vakaburukira paGenesareti. [35] Uye
varume venzvimbo iyoyo vakati vamuziva, vakatumira shoko mudunhu

rose rakapoteredza. Vanhu vakauya navarwere vavo vose kwaari
36 vakamukumbira zvikuru kuti abvumire varwere kuti vangobata mupendero wenguo yake uye vose vakamubata vakaporeswa.

# 15

*Zvinhu Zvakachena neZvisina Kuchena*

1 Ipapo vanyori navaFarisi vakauya kuna Jesu vachibva kuJerusarema
uye vakamubvunza vachiti, 2 "Sei vadzidzi venyu vachityora tsika
dzavakuru? Havashambi maoko avo vasati vadya!"

3 Jesu akavapindura achiti, "Ko, imi munotyorerei murayiro waMwari
nokuda kwetsika dzenyu? 4 Nokuti Mwari akati, 'Kudza baba vako namai
vako' uye, 'Ani naani anotuka baba kana mai vake anofanira kuurayiwa.'
5 Asi imi munoti kana munhu akati kuna baba vake kana mai vake,
'Chinhu chipi nechipi chamaiti munozogamuchira kubva kwandiri, chava
chipo chakakumikidzwa kuna Mwari', 6 haachafaniri 'kukudza baba vake'
nacho? Saizvozvo munoshayisa shoko raMwari simba nokuda kwetsika
dzenyu. 7 Imi vanyengeri! Isaya akaprofita kwazvo pamusoro penyu
achiti:

8 " 'Vanhu ava vanondikudza nemiromo yavo,
asi mwoyo yavo iri kure neni.
9 Vanondinamata pasina;
vachidzidzisa dzidziso nemirayiro yavanhu.' "

10 Jesu akadana vanhu vazhinji kwaari akati, "Teererai, munzwisise.
11 Icho chinopinda mumuromo momunhu 'hachimusvibisi', asi chinobuda
mumuromo make ndicho 'chinomusvibisa'."

12 Ipapo vadzidzi vakauya kwaari vakamubvunza vachiti, "Munoziva
here kuti vaFarisi vagumburwa pavanzwa shoko iri?"

13 Akapindura akati, "Muti mumwe nomumwe usina kusimwa naBaba
vangu vokudenga uchadzurwa. 14 Vasiyei vakadaro, vatungamiriri
vamapofu. Kana bofu rikatungamirira rimwe bofu, vose vachawira
mugomba."

15 Petro akati, "Titsanangurirei mufananidzo uyu."

16 Jesu akavabvunza akati, "Nemiwo hamusati mava kunzwisisa?
17 Hamuoniwo here kuti chose chinopinda mumuromo chinopinda
mudumbu chichizobuda kunze! 18 Asi zvinhu zvinobuda mumuromo
zvinobva mumwoyo, izvozvi ndizvo zvinosvibisa munhu. 19 Nokuti
mumwoyo munobuda pfungwa dzakaipa, umhondi, upombwe, unzenza,
umbavha, uchapupu hwenhema nokureva nhema pamusoro pavamwe
vanhu. 20 Izvi ndizvo 'zvinosvibisa' munhu, asi kudya asina kushamba
maoko 'hazvimusvibisi'."

*Kutenda kwoMukadzi muKenani*

21 Jesu akabvapo akaenda kudunhu reTire neSidhoni. 22 Mumwe
mukadzi muKenani womunzvimbo iyi akauya achidanidzira achiti, "Ishe,
mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirei ngoni! Mwanasikana wangu ari
kutambudzwa zvikuru nedhimoni rakamubata."

23 Jesu haana chaakapindura. Ipapo vadzidzi vake vakauya kwaari
vakasvikoti, "Mudzingei nokuti ari kuramba achidanidzira kwatiri."

24 Akati kwavari, "Ndakatumwa kumakwai akarasika eIsraeri chete."

25 Mukadzi uya akauya akasvikopfugama pamberi pake akati, "Ishe,
ndibatsireiwo!"

[26] Akapindura akati, “Hazvina kunaka kutora chingwa chavana
muchichikandira imbwa.”
[27] Mukadzi uya akati, “Hongu Ishe, kunyange nembwa dzinodyawo
zvimedu zvinodonha kubva patafura yatenzi wadzo.”
[28] Ipapo Jesu akapindura akati, “Mai, mune kutenda kukuru!
Chikumbiro chenyu chanzwikwa.” Mwanasikana wake akabva aporeswa
kubva panguva iyoyo.

### *Jesu Anopa Vanhu Zviuru Zvina Zvokudya*

[29] Jesu akabvapo akatevedza gungwa reGarirea. Ipapo akakwira
mugomo akagara pasi. [30] Uye vanhu vazhinji vakauya kwaari navakare-
mara, mapofu, mhetamakumbo, mbeveve navamwe vazhinji, vakasviko-
vaisa patsoka dzake uye akavaporesa. [31] Vanhu vakashamiswa kuona
mbeveve dzichitaura, mhetamakumbo dzichitwasanudzwa, vakaremara
vachifamba namapofu achiona. Vakarumbidza Mwari weIsraeri.
[32] Jesu akadana vadzidzi vake akati kwavari, “Ndiri kunzwa tsitsi
pamusoro pavanhu ava; vanga vachingova neni kwamazuva matatu
uye havachina chokudya. Handidi kuti ndivaendese vaine nzara nokuti
vangaziya nenzara munzira.”
[33] Vadzidzi vake vakapindura vachiti, “Ndokupi kwatingawana chingwa
chinokwana vanhu vose ava muno musango makadai?”
[34] Jesu akabvunza akati, “Mune zvingwa zvingani?”
Ivo vakati, “Tine zvinomwe notuhove tushoma shoma.”
[35] Akarayira kuti vanhu vose vagare pasi. [36] Ipapo akatora zvingwa
zvinomwe zviya nehove dziya, akavonga, akazvimedura ndokuzvipa ku-
vadzidzi, ivowo ndokupa vanhu vose. [37] Vose vakadya vakaguta. Mushure,
vadzidzi vakanhongera zvimedu zvakanga zvasara zvikazadza matengu
manomwe. [38] Vanhu vakadya vaiva varume zviuru zvina, vakadzi navana
vasingaverengerwi. [39] Mushure mokunge Jesu aendesa vanhu vazhinji
ava, akapinda mugwa ndokubva aenda kudunhu reMagadhani.

## 16

### *Vanokumbira Chiratidzo*

[1] VaFarisi navaSadhusi vakauya kuna Jesu vakamuedza noku-
mukumbira kuti avaratidze chiratidzo chinobva kudenga.
[2] Akavapindura achiti, “Panosvika nguva yamadekwana munoti,
‘Mamiriro okunze achange akanaka nokuti denga rakatsvuka.’ [3] Uye
mangwanani munoti, ‘Nhasi kuchanaya mvura ine dutu nokuti denga
rakatsvuka uye kwakakwidibira.’ Munoziva kududzira zvinoonekwa
mudenga, asi hamugoni kududzira zviratidzo zvenguva. [4] Rudzi rwakaipa
rwoupombwe runotsvaka chiratidzo, asi hapana chichapiwa kwarwuri
kunze kwechiratidzo chaJona.” Ipapo Jesu akavasiya, akaenda kumwe.

### *Mbiriso yavaFarisi navaSadhusi*

[5] Pavakayambuka mhiri kwegungwa, vadzidzi vakakanganwa kutakura
chingwa. [6] Jesu akati kwavari, “Chenjerai mungwarire mbiriso yavaFarisi
navaSadhusi.”
[7] Vakakurukura nezvenyaya iyi pakati pavo vakati, “Anodaro nokuti
hatina kuuya nechingwa.”
[8] Achiziva izvi Jesu akavabvunza akati, “Imi vokutenda kuduku, ko, muri
kutauriranei pakati penyu nezvokusava nechingwa? [9] Hamusati mava
kunzwisisa here? Hamurangariri here zvingwa zvishanu zvavanhu vane

zviuru zvishanu uye kuti makazadza matengu mangani ezvamakaun-
ganidza? 10 Kana kuti zvingwa zvinomwe zvavanhu zviuru zvina uye
kuti makazadza matengu mangani ezvamakaunganidza? 11 Hamunzwisisi
sei kuti ndanga ndisingatauri kwamuri nezvechingwa? Asi chenjererai
mbiriso yavaFarisi navaSadhusi." 12 Ipapo vakanzwisisa kuti ainge
asingavaudzi kuti vachenjerere mbiriso inoshandiswa muchingwa, asi
nezvedzidziso yavaFarisi navaSadhusi.

### *Petro Anopupura Kuti Jesu Ndiye Kristu*

13 Jesu akati asvika kudunhu reKesaria Firipi, akabvunza vadzidzi vake
akati, "Vanhu vanoti Mwanakomana woMunhu ndiani?"
14 Vakati, "Vamwe vanoti Johani Mubhabhatidzi, vamwewo vanoti Eria,
vamwewo vachiti Jeremia kana mumwe wavaprofita."
15 Akabvunza akati, "Ko, imi munoti ndini ani?"
16 Simoni Petro akapindura akati, "Ndimi Kristu, Mwanakomana
waMwari mupenyu."
17 Jesu akapindura akati, "Wakaropafadzwa iwe Simoni mwanakomana
waJona, nokuti izvi hazvina kuzarurirwa kwauri nomunhu asi naBaba
vangu vari kudenga. 18 Ndinoti kwauri, iwe ndiwe Petro, paruware
urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuo eHadhesi haangaikundi.
19 Ndichakupa kiyi dzoumambo hwokudenga; chose chaunosunga pano
pasi chichasungwa kudenga, uye chose chaunosunungura pano pasi
nokudenga chichasunungurwa." 20 Ipapo akayambira vadzidzi vake kuti
vasaudze ani zvake kuti iye ndiye Kristu.

### *Jesu Anofanovaudza neZvorufu Rwake*

21 Kubva panguva iyoyo Jesu akatanga kutsanangurira vadzidzi vake
kuti anofanira kuenda kuJerusarema kundotambudzwa kwazvo pamaoko
avakuru navaprista vakuru navadzidzisi vemirayiro uye kuti anofanira
kuurayiwa nokumutswazve pazuva retatu.
22 Petro akamutora padivi akatanga kumutsiura achiti, "Hazviitiki, Ishe.
Izvi hazvisi kuzoitika kwamuri!"
23 Jesu akatendeukira kwaari akati, "Enda shure kwangu Satani! Uri
chigumbuso kwandiri nokuti hauna zvinhu zvaMwari mupfungwa dzako
asi zvavanhu."
24 Ipapo Jesu akati kuvadzidzi vake, "Kana paine anoda kunditevera,
ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake, anditevere. 25 Nokuti ani
naani anoda kuchengetedza upenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi ani
naani anorasikirwa noupenyu hwake nokuda kwangu achahuwana. 26 Ko,
munhu achabatsirwa nei kana akawana nyika yose, asi achirasikirwa
noupenyu hwake? Kana kuti munhu acharipeiko kuti adzikinure upenyu
hwake? 27 Nokuti Mwanakomana woMunhu achauya ari mukubwinya
kwaBaba vake aine vatumwa vake, ipapo achapa mubayiro kuno mumwe
nomumwe maererano namabasa ake. 28 Ndinokuudzai chokwadi kuti
vamwe vamire pano havazofi vasati vaona Mwanakomana woMunhu
achiuya muumambo hwake."

## 17

### *Kubwinya kwaJesu paGomo*

1 Mushure memazuva matanhatu Jesu akatora Petro naJakobho na-
Johani munun'una waJakobho akakwira navo mugomo refu vari voga.
2 Ipapo akashanduka pamberi pavo. Chiso chake chakapenya sezuva uye

nguo dzake dzikachena sechiedza. 3 Pakarepo Mozisi naEria vakango-
erekana voonekwa vamire vachitaura naJesu.
4 Petro akati kuna Jesu, “Ishe zvakatinakira kuva pano. Kana muchida
ndingavaka matumba matatu, rimwe renyu, rimwe raMozisi nerimwe
raEria.”
5 Achiri kutaura kudaro, gore raipenya rakabva ravakwidibira, uye
inzwi rikabuda mugore richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandin-
odisa, anondifadza. Munzwei!”
6 Vadzidzi vakati vanzwa izvi, vakawira pasi nezviso zvavo vachitya
kwazvo. 7 Asi Jesu akauya akavabata. Akati, “Mukai. Musatya.”
8 Pavakasimudza misoro vachitarisa vakazongoona Jesu ava oga.
9 Pavakanga vava kuburuka kubva mugomo, Jesu akavarayira achiti,
“Musamboudza ani zvake zvamaona izvi kusvikira Mwanakomana woM-
unhu amutswa kubva kuvakafa.”
10 Vadzidzi vakamubvunza vakati, “Ko, sei vadzidzisi vemirayiro vachiti
Eria anofanira kutanga kuuya?”
11 Jesu akapindura akati, “Ichokwadi kuti Eria achauya agovandudza
zvinhu zvose. 12 Asi ndinokuudzai kuti Eria akatouya kare asi havana
kumuziva, uye vakaita kwaari zvavaida. Saizvozvo Mwanakomana
woMunhu achatambudzwa pamaoko avo.” 13 Ipapo vadzidzi vakanzwisisa
kuti aitaura kwavari nezvaJohani Mubhabhatidzi.

### *Kuporeswa kwoMukomana Aiva neDhimoni*

14 Vakati vasvika kuvanhu vazhinji, mumwe murume akauya
akasvikopfugama pamberi paJesu akati, 15 “Ishe, donzwiraiwo mwanako-
mana wangu tsitsi. Ane zvipusha uye ari kutambudzika kwazvo. Kazhinji
zvinomuwisira mumoto kana mumvura. 16 Ndauya naye kuvadzidzi
venyu asi havana kugona kumuporesa.”
17 Jesu akapindura akati, “Haiwa, imi rudzi rusingatendi uye rwakat-
sauka, ndichagara nemi kusvikira rinhiko? Uyai nomukomana uyu
kwandiri.” 18 Jesu akatuka dhimoni rikabva rabuda mumukomana uya
achibva apora kubva panguva iyoyo.
19 Ipapo vadzidzi vakauya kuna Jesu vari voga vakamubvunza vachiti,
“Ko, takundikana sei kuridzinga?”
20 Akavapindura achiti, “Nokuda kwokuti mune kutenda kudiki. Ndi-
nokuudzai chokwadi kuti dai maiva nokutenda kudiki hako semhodzi
yemasitadhi maigona kuti kugomo iri, ‘Ibva apa uende uko,’ zvichiitika.
Hapana chamunozokundikana kuita. 21 Asi rudzi urwu rwomweya
runongobviswa chete nokunyengetera nokutsanya.”
22 Vakati vaungana muGarirea Jesu akati kwavari, “Mwanakomana
woMunhu achaiswa mumaoko avanhu. 23 Vachamuuraya asi pazuva
retatu achamutswa.” Uye vadzidzi vakasuwa kwazvo.

### *Mutero womuTemberi*

24 Jesu navadzidzi vake vakati vasvika muKapenaume, vateresi vo-
mutemberi vakauya kuna Petro vakabvunza vachiti, “Ko, mudzidzisi
wenyu haaripi mutero womutemberi here?”
25 Akapindura akati, “Hongu, anoripa.”
Petro paakapinda mumba, Jesu ndiye akatanga kutaura achiti, “Uno-
fungei, Simoni? Madzimambo enyika anotora mutero kuvana vavo here
kana kuti kuna vamwe?”

[26] Petro akapindura akati, “Kuna vamwe.” Jesu akati, “Saka vana
vakasununguka. [27] Asi kuti tisavagumbura enda kugungwa unokanda
chiredzo chako mumvura. Tora hove yaunotanga kubata, wovhura
muromo wayo, uchawana muine mari inokwana mutero wangu newako,
uvape.”

# 18

*Mukuru muUmambo hwoKudenga*

[1] Panguva iyoyo vadzidzi vakauya kuna Jesu uye vakamubvunza vachiti,
“Ndianiko mukuru pane vose muumambo hwokudenga?”
[2] Akadana mwana muduku ndokumumisa pakati pavo. [3] Uye akati,
“Ndinokuudzai chokwadi kuti, kana musina kushanduka mukava savana
vaduku, hamungatongopindi muumambo hwokudenga. [4] Naizvozvo ani
naani anozvininipisa somwana uyu ndiye achava mukuru muumambo
hwokudenga.
[5] “Uye ani naani anogamuchira mwana muduku souyu muzita rangu
anogamuchira ini. [6] Asi ani naani anoita kuti mumwe wavaduku
vanotenda kwandiri atadze, zvaiva nani kwaari kuti asungirirwe guyo
guru muhuro make agonyudzwa mugungwa makadzika.
[7] “Ine nhamo nyika nokuda kwezvinhu zvinoita kuti vanhu vatadze!
Zvinhu izvozvo zvinofanira kuuya asi ane nhamo munhu anoita kuti
zviitike. [8] Kana ruoko rwako kana kuti rutsoka rwako zvichikuita
kuti utadze, zvidimure uzvirasire kure. Zviri nani kupinda muupenyu
wakaremara kana kuti uchikamhina, pano kupinda mumoto usingadzimi
uine maoko maviri namakumbo maviri. [9] Kana ziso rako richikuita kuti
utadze ribvise urirasire kure. Zviri nani kuti upinde muupenyu uine
ziso rimwe chete pane kunge uine maziso maviri asi ugokandwa mumoto
wegehena.

*Mufananidzo weGwai Rakarasika*

[10] “Onai kuti hamuzvidze mumwe wavaduku ava. Ndinokuudzai kuti
vatumwa vavo kudenga vanogaroona chiso chaBaba vangu vari kudenga.
[11] Nokuti Mwanakomana woMunhu akauya kuzoponesa chakarasika.
[12] “Imi munofungei? Kana munhu ane makwai zana, rimwe chete
rawo rikarasika, haangasiye makumi mapfumbamwe nepfumbamwe
mumakomo achinotsvaka rakarasika here? [13] Uye kana akariwana, ndi-
nokuudzai chokwadi kuti anorifarira kukunda makumi mapfumbamwe
nemapfumbamwe asina kurasika. [14] Nenzira imwe cheteyo Baba venyu
vari kudenga havafariri kuti mumwe wavaduku ava arasike.

*Kana Hama Yakutadzira*

[15] “Kana hama yako yakutadzira enda umuudze mhosva yake, muri
vaviri chete. Kana akakunzwa wadzora hama yako. [16] Asi akaramba
kuteerera, enda nomumwe kana vaviri kuitira kuti ‘nyaya imwe neimwe
isimbiswe nezvapupu zviviri kana zvitatu.’ [17] Kana akaramba kuteerera,
uudze kereke, kana akaramba kuteerera kunyange kereke, umutore zvako
somuhedheni kana muteresi.
[18] “Ndinokuudzai chokwadi kuti chose chamuchasunga pano pasi
chichasungwa kudenga, nechamunosunungura pano pasi chichasunun-
gurwa kudenga.
[19] “Ndinokuudzai zvakare kuti kana vaviri venyu mukabvumirana
pane chamunokumbira kuna Baba vangu vari kudenga, muchachiitirwa.

20 Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripo
pakati pavo.”

*Mufananidzo woMuranda Akanga Asina Tsitsi*

21 Ipapo Petro akauya kuna Jesu akamubvunza achiti, “Ishe, kanganiko
kandingaregerera hama yangu kana achinditadzira? Kanomwe here?”
22 Jesu akapindura akati, “Kwete kanomwe chete, asi kakapetwa
makumi manomwe ane nomwe.
23 “Naizvozvo, umambo hwokudenga hwakafanana namambo aida
kuripirwa zvikwereti zvake navaranda vake. 24 Paakatanga kuzvion-
gorora, murume ainge aine chikwereti chamatarenda zviuru gumi*
akauyiswa kwaari. 25 Sezvo ainge asingakwanisi kuripa chikwereti ichi,
tenzi wake akaronga kuti iye nomudzimai wake, navana vake nezvose
zvaaiva nazvo zvitengeswe kuti zviripe chikwereti.
26 “Muranda uya akazviwisira pamberi patenzi wake akamukumbira
zvikuru achiti, ‘Ndiitireiwo mwoyo murefu, ndicharipa hangu zvose.’
27 Tenzi womuranda uya akamunzwira tsitsi, ndokubvva adzima chikwereti
chiya chose, uye akamuregedza achienda zvake.
28 “Asi muranda uya paakabuda, akasangana nomumwewo muranda
saiye ainge aine chikwereti chake chamadhenari zana†. Akamubata
ndokutanga kumudzipa. Akati, ‘Ndipe chikwereti changu!’
29 “Muranda uya saiyewo muranda akapfugama ndokumukumbira
zvikuru achiti, ‘Ndiitirewo mwoyo murefu, ndichakupa chikwereti chako.’
30 “Asi akaramba. Pamusoro pezvo akamusungisa uye akaita kuti aiswe
mutorongo kusvikira aripa chikwereti chose. 31 Vamwe varanda vakati
vaona zvakanga zvaitika, zvakavatambudza zvikuru ndokubvva vanoudza
tenzi wavo zvose zvakanga zvaitika.
32 “Tenzi akadana muranda uya akati, ‘Iwe muranda akaipa. Ndakadz-
ima chikwereti changu chawaiva nacho nokuti wakandikumbira zvikuru.
33 Saka hawaifanira here kuva netsitsi kuno mumwe wako sezvan-
dakakuitira iwe?’ 34 Nehasha tenzi wake akamuisa kune vejeri kuti
arangwe zvinorwadza kusvikira aripa chikwereti chose chaaiva nacho.
35 “Izvi ndizvo zvichaitirwa mumwe nomumwe wenyu naBaba vangu
vari kudenga kana musingaregereri hama yenyu nomwoyo wose.”

# 19

*Kurambana*

1 Jesu akati apedza kutaura zvinhu izvi, akabva kuGarirea akaenda
kudunhu reJudhea mhiri kwaJorodhani. 2 Vanhu vazhinji zhinji vaka-
mutevera uye akavaporesa ikoko.
3 Vamwe vaFarisi vakauya kwaari kuzomuedza. Vakamubvunza vachiti,
“Zviri pamutemo here kuti murume arambe mukadzi wake nokuda
kwechikonzero chipi nechipi zvacho?”
4 Akavapindura achiti, “Hamuna kuverenga here kuti kubva pakutanga
Musiki akavaita munhurume nomunhukadzi, 5 akati, ‘Nokuda kwaizvozvo
murume achasiya baba namai vake agobatanidzwa nomukadzi wake,
vaviri ava vachava nyama imwe chete?’ 6 Saka havachisiri vaviri asi
mumwe chete. Naizvozvo chabatanidzwa naMwari pamwe chete, hapana
munhu anofanira kuchiparadzanisa.”

* **18:24** 18:24 mamiriyoni 10 amadhora † **18:28** 18:28 madhora mashoma shoma

7 Vakabvunzazve vachiti, “Sei Mozisi akarayira kuti murume ape
mukadzi wake rugwaro rwokumuramba obva amuendesa?”
8 Jesu akapindura achiti, “Mozisi akakubvumirai kuramba vakadzi
venyu nokuda kwoukukutu hwemwoyo yenyu. Asi zvainge zvisina kudaro
kubva pakutanga. 9 Ndinokuudzai kuti ani naani anoramba mukadzi
wake, kunze chete nokuda kwoupombwe, akazowana mumwe mukadzi,
atoita upombwe.”
10 Vadzidzi vake vakati kwaari, “Kana ari iwo mamiriro azvakaita pakati
pomurume nomukadzi, zviri nani kusawana.”
11 Jesu akapindura akati kwavari, “Haasi wose anogamuchira shoko iri,
asi kune avo chete vakaripiwa. 12 Nokuti kune ngomwa dzakaberekwa
dzakadaro; dzimwe dziriko dzakaitwa navanhu; dzimwe dzakazviita
ngomwa nokuda kwoumambo hwokudenga. Uyo anogona kugamuchira
shoko iri ngaarigamuchire.”

### *Vana Vaduku naJesu*

13 Ipapo vana vaduku vakauyiswa kuna Jesu kuti aise maoko ake
pamusoro pavo, uye kuti avanyengeterere. Asi vadzidzi vakatsiura vaya
vakanga vauya navo.
14 Jesu akati, “Regai vana vaduku vauye kwandiri, musavadzivisa,
nokuti umambo hwokudenga ndohwavakadai.” 15 Akati aisa maoko ake
pamusoro pavo, akabva ipapo.

### *Jaya Mupfumi*

16 Zvino mumwe murume akauya kuna Jesu akamubvunza achiti,
“Mudzidzisi, ndechipi chinhu chakanaka chandingaita kuti ndiwane
upenyu husingaperi?”
17 Jesu akati kwaari, “Unondibvunzireiko pamusoro pezvakanaka?
Kunongova noMumwe chete akanaka. Kana uchida kupinda muupenyu,
teerera mirayiro.”
18 Murume uya akabvunza achiti, “Ipiko?”
Jesu akapindura akati, “ ‘Usauraya, usaita upombwe, usaba, usapupura
nhema. 19 Kudza baba vako namai vako uye ude muvakidzani wako
sokuzvida kwaunozviita iwe.’ ”
20 Jaya riya rakati, “Zvose ndakazvichengeta. Chii chandichiri
kushayiwa?”
21 Jesu akati, “Kana uchida kuva wakakwana, enda unotengesa zvose
zvaunazvo ugopa varombo, ugozova nepfuma kudenga. Ipapo ugouya
wonditevera.”
22 Jaya riya parakanzwa izvi, rakaenda rakasuwa kwazvo nokuti raiva
nepfuma zhinji kwazvo.
23 Ipapo Jesu akati kuvadzidzi vake, “Ndinokuudzai chokwadi,
zvakaoma kuti mupfumi apinde muumambo hwokudenga. 24 Ndinotizve
zvakareruka kuti ngamera ipinde nepaburi retsono pano kuti mupfumi
apinde muumambo hwaMwari.”
25 Vadzidzi vakati vanzwa izvi vakakatyamara zvikuru vakabvunza
vachiti, “Ndiani zvino achaponeswa?”
26 Jesu akavatarisa akati, “Kuvanhu izvi hazvigoneki asi kuna Mwari
zvinhu zvose zvinogoneka.”
27 Petro akamupindura akati, “Takasiya zvose kuti tikuteverei! Zvino
tichawaneiko?”
28 Jesu akati kwavari, “Ndinokuudzai chokwadi, kuti pakuvandudzwa
kwezvinhu zvose, Mwanakomana woMunhu paachagara pachigaro chake

chokubwinya, imi makanditevera muchagarawo pazvigaro gumi nezviviri
muchitonga marudzi gumi namaviri eIsraeri. 29 Uye vose vakasiya dzimba,
kana vakoma kana vanun'una kana hanzvadzi kana baba kana mai kana
vana kana minda nokuda kwangu vachagamuchira zvakapetwa kazana,
uye vachagara nhaka youpenyu husingaperi. 30 Asi vazhinji vokutanga
vachava vokupedzisira uye navazhinji vokupedzisira vachava vokutanga.

# 20

### *Mufananidzo waVashandi muMunda weMizambiringa*

1 "Nokuti umambo hwokudenga hwakafanana nomuridzi womunda
akabuda mangwanani-ngwanani kundotsvaka vanhu vokuti vazoshanda
mumunda wake wemizambiringa. 2 Akabvumirana navo kuti aizovapa
dhinari pazuva, ndokubva avaendesa mumunda wake wemizambiringa.

3 "Nenguva inenge yechitatu akabuda ndokuona vamwe vamire pa-
musika vasina chavaiita. 4 Akati kwavari, 'Nemiwo endai mundoshanda
mumunda wangu wemizambiringa, ndichakupai zvakakodzera.' 5 Saka
vakaenda.

"Akabudazve nenguva dzinenge dzechitanhatu nedzepfumbamwe
akaita zvimwe chetezvo. 6 Nenguva inenge yegumi neimwe akabuda
akawanazve vamwe vamire. Akavabvunza achiti, 'Seiko, maswera
makangomira pano zuva rose musina chamuri kuita?'

7 "Vakapindura vachiti, 'Nokuti hapana munhu atipa basa.'

"Akati kwavari, 'Nemiwo endai mundoshanda mumunda wangu wem-
izambiringa.'

8 "Akati ava madekwana, muridzi womunda wemizambiringa akati
kumutariri wake, 'Dana vashandi ugovapa mubayiro wavo, uchitanga
navapedzisira kupiwa basa kusvikira kune vokutanga.'

9 "Vashandi vainge vaenda kundoshanda nenguva inenge yegumi
neimwe vakauya uye mumwe nomumwe wavo akagamuchira dhinari.
10 Saka pakasvika vaya vakanga vatanga kushanda, vakatarisira kupiwa
zvakawanda. Asi mumwe nomumwe wavo akapiwa dhinari. 11 Vakati
vagamuchira mari iyi vakatanga kutsutsumwira muridzi womunda.
12 Vakati, 'Varume ava vapedzisira vangoshanda awa imwe chete, asi
mavaenzanisa nesu tatakura mutoro webasa uye tikapiswa nezuva.'

13 "Asi akapindura mumwe wavo achiti, 'Shamwari, handina chan-
dakukanganisira. Ko, hauna kutenderana neni kushandira dhinari
here? 14 Tora mubayiro wako uende. Ndinoda kupa munhu ashanda
kwokupedzisira zvakafanana nezvandakupa. 15 Ko, handina kodzero here
yokuita zvandinoda nemari yangu? Kana kuti iwe une godo nokuda
kwokupa kwangu zvakawanda.'

16 "Saka vokupedzisira vachava vokutanga uye vokutanga vachava
vokupedzisira."

### *Jesu Anovaudzazve neZvorufu Rwake*

17 Zvino Jesu paakanga achikwira kuenda kuJerusarema, akatora
vadzidzi vake gumi navaviri parutivi akati kwavari, 18 "Tiri kukwira
kuenda kuJerusarema, uye Mwanakomana woMunhu achaiswa ku-
vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro. Vachamutongera rufu 19 uye
vagomuisa kune veDzimwe Ndudzi kuti asekwe agorohwa uye arovererwe
pamuchinjikwa. Pazuva retatu achamutswa kuti ave mupenyu!"

### *Chikumbiro chaMai*

[20] Ipapo mai vavanakomana vaZebhedhi vakauya kuna Jesu navanakomana vavo, vakapfugama pamberi pake vaine chikumbiro.

[21] Akabvunza akati, "Munodeiko?"

Ivo vakati, "Itaiwo kuti mumwe wavanakomana vangu vaviri ava agare kuruoko rwenyu rworudyi uye mumwe kuruboshwe rwenyu muumambo hwenyu."

[22] Jesu akati, kwavari, "Hamuzivi zvamuri kukumbira. Mungagona kunwa mukombe wandichazonwa here?"

Vakapindura vachiti, "Tinogona."

[23] Jesu akati kwavari, "Zvirokwazvo muchanwa mumukombe wangu, asi zvokuti mugare kurudyi kana kuruboshwe rwangu, handisini ndinopa. Nzvimbo idzi ndedzaavo vakadzigadzirirwa naBaba vangu."

[24] Vane gumi vakati vanzwa izvi vakatsamwira mukoma nomunun'una
ava. [25] Jesu akavadana pamwe chete uye akati, "Munoziva kuti vatongi
veveDzimwe Ndudzi vanobata ushe pamusoro pavo uye machinda avo
makuru anoshandisa simba pamusoro pavo. [26] Ngazvirege kudaro
kwamuri. Asi ani naani anoda kuva mukuru pakati penyu anofanira
kuva muranda wenyu, [27] uye ani naani anoda kuva wokutanga anofanira
kuva nhapwa yenyu, [28] sezvazvakangoita kuti Mwanakomana woMunhu
haana kuuya kuzoshandirwa asi kuzoshandira, nokupa upenyu hwake
sorudzikinuro rwavazhinji."

### *Mapofu Maviri Anosvinudzwa*

[29] Jesu navadzidzi vake pavakabva kuJeriko, vanhu vazhinji kwazvo
vakamutevera. [30] Varume vaviri vaiva mapofu vakanga vagere parutivi
rwenzira, pavakanzwa kuti Jesu ainge opfuura nepo vakadanidzira
vachiti, "Ishe, Mwanakomana waDhavhidhi, tinzwireiwo ngoni!"

[31] Vanhu vazhinji vakavatsiura vakavarayira kuti vanyarare, asi ivo vakanyanya kudanidzira vachiti, "Ishe, Mwanakomana waDhavhidhi, tinzwireiwo ngoni!"

[32] Jesu akamira akavadana, akavabvunza achiti, "Munoda kuti ndikuitireiko?"

[33] Vakapindura vachiti, "Ishe, tinoda kuona."

[34] Jesu akavanzwira tsitsi uye akabata meso avo. Pakarepo vakabva vaona uye vakamutevera.

## 21

### *Jesu Anogamuchirwa muJerusarema*

[1] Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo
reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, [2] achiti kwavari, "Endai
kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo
kwandiri. [3] Kana pano munhu anotaura chinhu kwamuri, mumuudze kuti,
Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza."

[4] Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofita achiti:

[5] "Muti kuMwanasikana weZioni,
'Tarira, Mambo wako anouya kwauri,
ari munyoro, akatasva mbongoro,
ari pamusoro pomwana wembongoro.' "

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu.
7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo pamu-
soro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo. 8 Vanhu vazhinji
vakawarira nguo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti
vakaawarira mumugwagwa. 9 Vazhinji vakanga vakatungamira mberi
navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti:
"Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!"

"Akaropafadzwa uyo anouya muzita raIshe!"

"Hosana kumusoro-soro!"
10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakab-
vunza vachiti, "Ndianiko uyu?"
11 Vazhinji vakati, "Uyu ndiye Jesu, muprofita anobva kuNazareta
kuGarirea."

### *Jesu paTemberi*

12 Jesu akapinda munzvimbo yetemberi akadzinga vose vaitenga
nokutengesa. Akapidigura tafura dzavaitsinhanha mari nezvigaro zvavait-
engesa njiva. 13 Akati kwavari, "Kwakanyorwa kuchinzi, 'Imba yangu
ichanzi imba yokunyengetera,' asi imi mava kuiita 'bako ramakororo.' "
14 Mapofu navakaremara vakauya kwaari kutemberi, uye akavaporesa.
15 Asi vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro pavakaona zvinhu
zvinoshamisa zvaakaita, uye vana vachidanidzira mutemberi vachiti,
"Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi," vakatsamwa.
16 Vakamubvunza vachiti, "Uri kunzwa zviri kurehwa navana ava
here?"

Jesu akavapindura achiti, "Hongu, hamuna kurava here panoti:
" 'Pamiromo yavana navacheche
makaisa rumbidzo'?"
17 Uye akavasiya akabuda muguta umu akaenda kuBhetani kwaakan-
dovata.

### *Muonde Unosvava*

18 Mangwanani-ngwanani, paakanga ari munzira achidzokera kuguta,
akanzwa nzara. 19 Akati aona muonde pedyo nomugwagwa, akatsaukira
pauri asi haana kuwana chinhu pauri kunze kwamashizha. Ipapo akati
kwauri, "Ngakuregе kuva nemicherozve pauri!" Pakarepo muti uya
wakabva wasvava.
20 Vadzidzi vakati vazviona, vakakatyamara, vakati, "Ko, muonde uyu
wabva wasvava pakarepo sei?"
21 Jesu akapindura akati, "Ndinokuudzai chokwadi kuti kana mune
kutenda uye musingakahadziki, hamungaiti zvaitwa kumuonde uyu chete,
asi munogonawo kuti kugomo iri, 'Enda undozvikanda mugungwa'
uye zvichaitika. 22 Kana muchitenda, muchagamuchira zvose zva-
munokumbira mukunyengetera."

### *Vanobvunza Kunobva Simba raJesu*

23 Jesu akapinda muruvazhe rwetemberi, uye paakanga achidzidzisa,
vaprista vakuru navakuru vavanhu vakauya kwaari. Vakamubvunza
vakati, "Muri kuita zvinhu izvi nesimba ripi? Uye ndiani akakupai simba
irori?"
24 Jesu akapindura akati, "Nemiwo ndichakubvunzai mubvunzo mumwe
chete. Kana mukandipindura ndichakuudzaiwo simba randiri kuita

naro zvinhu izvi. 25 Rubhabhatidzo rwaJohani rwakabvepi? Rwakabva
kudenga here kana kuvanhu?"
Vakataurirana pakati pavo vachiti, "Kana tikati, 'Rwakabva kudenga'
achazobvunza kuti, 'Zvino makaregerei kumutenda?' 26 Asi kana tikati,
'Rwakabva kuvanhu,' tinotya vanhu, nokuti vose vanotenda kuti Johani
aiva muprofita."
27 Saka vakapindura Jesu vachiti, "Hatizivi."
Ipapo iye akati, "Neni handingakuudzeiwo simba randinoita naro
zvinhu izvi."

### *Mufananidzo waVanakomana Vaviri*

28 "Munofungei nazvo? Paiva nomurume aiva navanakomana vaviri.
Akaenda kuno wokutanga akati, 'Mwanangu, enda nhasi unoshanda
mumunda wemizambiringa.'
29 "Akapindura achiti, 'Handidi,' asi pashure akazvidemba uye aka-
zoenda hake.
30 "Ipapo baba vaya vakaenda kuno mumwe mwanakomana vakasviko-
muudza zvimwe chetezvo. Iye akapindura achiti, 'Ndichaenda, baba' asi
haana kuenda.
31 "Ndoupiko pavaviri ava akaita zvaidiwa nababa vake?"
Vakapindura vachiti, "Wokutanga."
Jesu akati kwavari, "Ndinokuudzai chokwadi, vateresi nezvifeve vari
kukutangirai kupinda muumambo hwaMwari. 32 Nokuti Johani akauya
kwamuri kuti azokuratidzai nzira yokururama, mukasamutenda, asi
vateresi nezvifeve vakatenda. Uye kunyange mushure mokunge maona
izvi hamuna kutendeuka mukamutenda.

### *Mufananidzo waVarimi*

33 "Inzwai mumwe mufananidzo. Kwakanga kuno mumwe mu-
rume akanga arima munda wake wemizambiringa. Akaukomberedza
noruzhowa, akacherera chisviniro chewaini uye akavaka shongwe. Ipapo
akasiya munda womuzambiringa kuvarimi vaimupa mari ndokuenda
parwendo rurefu. 34 Nguva yokukohwa yakati yasvika, akatuma varanda
vake kuvarimi vaya kuti vandotora zvibereko zvake.
35 "Varimi vakabata varanda vaya, vakarova mumwe, vakauraya
mumwe, uye vakataka wechitatu namabwe. 36 Ipapo akatumazve vamwe
varanda kwavari, vakawanda kupfuura vokutanga, varimi vakavaitira
zvimwe chetezvo. 37 Pakupedzisira akatuma mwanakomana wake
kwavari. Akati, 'Vacharemekedza mwanakomana wangu.'
38 "Asi varimi pavakaona mwanakomana vakataurirana vakati, 'Uyu
ndiye mudyi wenhaka. Uyai timuuraye, tigotora nhaka yake.' 39 Saka
vakamutora vakamubudisa kunze kwemunda wemizambiringa vakamuu-
raya.
40 "Naizvozvo, panouya muridzi womunda womuzambiringa achaiteiko
kuvarimi avo?"
41 Vakapindura vakati, "Achaparadza varimi vakaipa ava, uye achapa
munda womuzambiringa kuna vamwe varimi avo vachazomupa mugove
wake wezvirimwa pakukohwa."
42 Jesu akati kwavari, "Hamuna kutomborava here muMagwaro panoti:
" 'Ibwe rakarambwa navavaki
ndiro rakazova musoro wekona.
Ishe aita izvi,
uye zvinoshamisa pamberi pedu'?

43 “Naizvozvo ndinokuudzai kuti umambo hwaMwari huchatorwa
kubva kwamuri huchipiwa kuvanhu vachabereka zvibereko zvahwo.
44 Uyo anowira pamusoro pebwe iri achavhunika kuita zvidimbu zvidimbu
asi uyo warichawira achapwanyiwa.”

45 Vaprista vakuru navaFarisi pavakanzwa mifananidzo yaJesu,
vakaziva kuti aitaura nezvavo. 46 Vakatsvaka nzira yokuti vamusunge
nayo, asi vakatya vanhu vazhinji nokuti vakanga vachiti muprofita.

# 22

### *Mufananidzo woMutambo weSvitsa*

1 Jesu akataurazve kwavari nemifananidzo achiti, 2 “Umambo hwoku-
denga hwakafanana namambo akagadzirira mwanakomana wake mu-
tambo wesvitsa. 3 Akatuma varanda vake kuna avo vainge vakakokwa
kumutambo kuti vachiuya, asi vakaramba kuuya.

4 “Ipapo akatumazve vamwe varanda achiti, ‘Taurirai vose vakakokwa
kuti ndagadzirira mabiko: Ndabaya nzombe nemombe dzakakodzwa uye
zvose zvagadzirirwa. Uyai kumutambo wesvitsa.’

5 “Asi hapana akateerera uye vakaenda mumwe kumunda wake,
mumwewo kune rimwe basa rake. 6 Vamwe vavo vakabata varanda vake
vakavaitira zvakaipa uye vakavauraya. 7 Mambo akatsamwa kwazvo.
Akatuma hondo yake kundoparadza vaurayi vaya uye akapisa guta ravo.

8 “Ipapo akati kuvaranda vake, ‘Mutambo wesvitsa wagadzirirwa
asi vaya vandakakoka vakanga vasingakodzeri kuti vauye.
9 Endai kumharadzano dzenzira mundokoka kumutambo ani
zvake wamuchawana.’ 10 Saka varanda vakaenda mumigwagwa
vakandokokorodza vose vavakagona kuwana, vose vakanaka nevakaipa,
uye imba yesvitsa ikazara navakanga vakokwa.

11 “Asi mambo akati apinda kuzoona vakanga vakokwa, akaona munhu
imomo akanga asina nguo yesvitsa. 12 Akamubvunza akati, ‘Shamwari,
wapinda seiko muno usina nguo yesvitsa?’ Munhu uya akashaya
chokureva.

13 “Ipapo mambo akaudza varanda vake akati, ‘Musungei maoko
namakumbo mumukande panze, murima, umo muchava nokuchema
nokurumanya kwameno.’

14 “Nokuti vazhinji vakakokwa asi vakasarudzwa vashoma.”

### *Kuripa Mutero kuna Kesari*

15 Ipapo vaFarisi vakabuda vakandoronga kuti vamubate namashoko
ake. 16 Vakatuma vadzidzi vavo kwaari pamwe chete navaHerodhi. Vakati,
“Mudzidzisi, tinoziva kuti muri munhu akarurama uye kuti munodzidzisa
nzira yaMwari zviri maererano nechokwadi. Hamutsauswi navanhu
nokuti hamutarisi kuti ndivanaani. 17 Tiudzei zvino kuti imi, munoti
kudini? Zvakanaka here kutera mutero kuna Kesari kana kuti hazvina?”

18 Asi Jesu, achiziva kuipa kwavo, akati, “Imi vanyengeri munondiedz-
ereiko? 19 Ndiratidzei mari inoshandiswa pakutera mutero.” Vakamuvi-
gira dhenari 20 uye akavabvunza akati, “Ko, mufananidzo uyu ndowaani
uye runyoro urwu ndorwaani?”

21 Vakapindura vakati, “NdezvaKesari.”

Ipapo akati kwavari, “Ipai kuna Kesari zvaKesari, uye kuna Mwari
zvaMwari.”

22 Vakati vanzwa izvi, vakashamiswa. Saka vakamusiya vakaenda.

### *Waniso paKumuka kwaVakafa*

[23] Pazuva rimwe chetero vaSadhusi, avo vanoti hakuna kumuka
kwavakafa, vakauya kwaari nomubvunzo. [24] Vakati, "Mudzidzisi, Mozisi
akatiudza kuti murume akafa asina vana munun'una wake anofanira
kuwana chirikadzi agomuberekera vana. [25] Zvino pakati pedu paiva
navanakomana vomunhu mumwe vanomwe. Wokutanga akawana
mukadzi ndokubva iye afa, uye sezvo akanga asina vana, akasiyira
munun'una wake mukadzi. [26] Zvimwe chetezvo zvakaitika kuno wechipiri
nowechitatu kusvikira kuno wechinomwe. [27] Pakupedzisira mukadzi
akazofawo. [28] Zvino pakumuka kwavakafa, achava mukadzi waaniko
pavanomwe vaya sezvo vose vaiva varume vake?"

[29] Jesu akavapindura akati, "Ndipo pamunorasika ipapo nokuti
hamuzivi Magwaro kana simba raMwari. [30] Pakumuka kwavakafa vanhu
havawani kana kuwanikwa, vachange vakaita savatumwa kudenga.
[31] Asi pane zvokumuka kwavakafa, hamuna kuverenga here zvakarehwa
naMwari kwamuri, achiti, [32] 'Ndini Mwari waAbhurahama naMwari
waIsaka naMwari waJakobho'? Haasi Mwari wavakafa asi wavapenyu."

[33] Vanhu vazhinji vakati vanzwa izvi, vakashamiswa nokudzidzisa
kwake.

### *Murayiro Mukuru*

[34] Vanzwa kuti Jesu akanga akunda vaSadhusi, vaFarisi vakaungana
pamwe chete. [35] Mumwe wavo aiva nyanzvi pane zvemirayiro akamuedza
nomubvunzo achiti, [36] "Mudzidzisi, ndoupi murayiro mukuru muMu-
rayiro?"

[37] Jesu akapindura akati, " 'Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako
wose, nomweya wako wose nokufunga kwako kwose.' [38] Uyu ndiwo
murayiro mukuru uye wokutanga. [39] Wechipiri wakafanana nawo unoti,
'Ida muvakidzani wako sokuda kwaunozviita iwe.' [40] Murayiro wose
naVaprofita zvakabatanidzwa pamirayiro iyi miviri."

### *Ko, Kristu Mwanakomana waani?*

[41] VaFarisi pavakanga vachakaungana pamwe chete, Jesu akavabvunza
akati, [42] "Munofungei nezvaKristu? Mwana waani?"

Vakapindura vachiti, "Mwanakomana waDhavhidhi."

[43] Akati kwavari, "Ko, zvino sei Dhavhidhi achitaura noMweya akamuti,
'Ishe'? Nokuti anoti,

[44] " 'Ishe akati kuna Ishe wangu:
  Gara kuruoko rwangu rworudyi,
kusvikira ndaisa vavengi vako
  pasi petsoka dzako.'

[45] Zvino kana Dhavhidhi achimuti, 'Ishe' angagova mwanakomana wake
sei?" [46] Hapana akagona kutaura shoko rimwe, uye kubva pazuva
iroro zvichienda mberi hapana akazoshinga kumubvunza mimwezve
mibvunzo.

## 23

### *Jesu Anotuka Vanyori nevaFarisi*

[1] Ipapo Jesu akataura kuvanhu vazhinji nokuvadzidzi vake achiti,
[2] "Vadzidzisi vomurayiro navaFarisi vagere pachigaro chaMozisi. [3] Saka
munofanira kuvateerera muite zvinhu zvose zvavanokuudzai. Asi musaita

zvavanoita, nokuti havaiti zvavanoparidza. 4 Vanosunga mitoro inorema
voitakudza pamafudzi avanhu, asi ivo pachavo havadi kusimudza munwe
kuti vaibvise.

5 “Vanoita zvinhu zvose kuti vaonekwe navanhu. Vanotambanudza
mafirakiteri avo uye vanorebesa pfunha dzenguo dzavo. 6 Vanoda
zvigaro zvapamberi pamitambo nezvigaro zvapamusoro-soro mumasina-
goge. 7 Vanofarira kukwaziswa pamisika uye kuti vanzi ‘Rabhi’ navanhu.

8 “Asi imi hamufaniri kunzi ‘Rabhi’ nokuti munongova naTenzi mumwe
chete uye mose muri hama. 9 Musadana ani zvake ari panyika muchiti,
‘Baba’ nokuti munongova naBaba vamwe chete uye vari kudenga. 10 Uye
musadaidzwa muchinzi ‘mudzidzisi’ nokuti muno Mudzidzisi mumwe
chete iye Kristu. 11 Mukuru pakati penyu ndiye achava muranda
wenyu. 12 Nokuti ani naani anozvikudza achaninipiswa uye ani naani
anozvininipisa achakudzwa.

13 “Mune nhamo imi vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, vanyen-
geri! Nokuti munopfigira vanhu umambo hwedenga vachizviona.
Imi pachenyu hamupindi, uye vaya vanoedza kupinda hamuvatenderi.
14 Mune nhamo imi vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, vanyengeri!
Munoparadza dzimba dzechirikadzi, uye munoita minyengetero mirefu
kuti muonekwe. Naizvozvo muchatongwa zvakaomesesa.

15 “Mune nhamo imi vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, vanyengeri!
Munofamba panyika napamakungwa kuti mutendeutse munhu mumwe
chete. Kana atendeuka munomuita mwanakomana wegehena kakapetwa
kaviri panemi.

16 “Mune nhamo imi vatungamiri mapofu! Imi munoti, ‘Kana munhu
akapika netemberi, hazvina hazvo mhosva, asi kana munhu akapika
negoridhe romutemberi anosungwa nemhiko yake.’ 17 Imi mapenzi
amapofu! Chikuru chii: Goridhe netemberi inoita kuti goridhe rive
dzvene? 18 Uyezve imi munoti, ‘Kana munhu upi zvake akapika nearitari
hazvirevi chinhu, asi kana munhu upi zvake akapika nechipo chiri pairi,
asungwa nemhiko yake.’ 19 Imi mapofu! Chikuru chii: Chipo kana
kuti aritari inoita kuti chipo chive chitsvene? 20 Naizvozvo, uyo anopika
nearitari anopika nayo nezvose zviri pairi. 21 Uye uyo anopika netemberi
anopika nayo uye naiye anogara mairi. 22 Uye uyo anopika nedenga
anopika nechigaro choushe chaMwari uye naiye anogara pachiri.

23 “Mune nhamo imi vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, imi vanyen-
geri! Munopa chegumi chezvose zvinonhuhwira zvinoti: mindi, anisi
nekumini. Asi munoshaya hanya nezvinhu zvinokosha zvomurayiro
zvinoti: kururamisira, ngoni nokutendeka. Maifanira kuita izviwo
musingakanganwi zvokutanga. 24 Imi vatungamiri mapofu, munomimina
nyunyu asi muchimedza ngamera.

25 “Mune nhamo imi vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, imi vanyen-
geri! Munosuka mikombe nendiro kunze asi mukati menyu muzere
namakaro nokusazvidzora. 26 Iwe bofu romuFarisi! Tanga wachenesa
mukati momukombe nendiro, uye ipapo kunze kwazvo kuchachenawo.

27 “Mune nhamo imi vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, imi vanyen-
geri! Makafanana namakuva akacheneswa kunze anoratidzika kuva
akanaka kunze asi mukati muzere mapfupa avanhu vakafa nezvinhu
zvose zvine tsvina. 28 Nenzira imwe cheteyo, munoonekwa navanhu
kunze semakarurama asi mukati menyu muzere nounyengeri uye nohuipi.

29 “Mune nhamo imi vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, imi vanyen-
geri! Munovaka makuva avaprofita nokushongedza makuva avakaru-
rama. 30 Uye moti, ‘Dai takanga tararama pamazuva amadzitateguru edu,
tingadai tisina kubatsirana navo pakuteura ropa ravaprofita.’ 31 Saka
muri kuzvipupurira pachenyu kuti muri zvizvarwa zvaivavo vakaponda
vaprofita. 32 Zvino chizadzisai chiyero chechivi chamadzitateguru enyu!

33 “Imi nyoka! Imi vana venyoka! Muchatiza seiko kutongwa kunokuen-
desai kugehena? 34 Naizvozvo ndiri kukutumirai vaprofita navachenjeri
navadzidzisi. Vamwe vavo muchavauraya uye muchavaroverera pamuch-
injikwa; vamwe muchavarova mumasinagoge enyu uye muchavadzin-
girira kubva kune rimwe guta kusvikira kune rimwe guta. 35 Uye
nokudaro, ropa ravakarurama vose rakateurwa panyika richauya pa-
musoro penyu kubvira paropa raAbheri akanga akarurama kusvikira
paropa raZekaria mwanakomana waBherekia uyo wamakauraya pakati
petemberi nearitari. 36 Ndinokuudzai chokwadi kuti zvose izvi zvichava
pamusoro porudzi urwu.

37 “Iwe Jerusarema, Jerusarema! Iwe unouraya vaprofita nokutaka
namabwe avo vanotumirwa kwauri, kazhinji sei kandaidisa kuunganidza
vana vako sezvinoita nhunzvi yehuku inounganidza hukwana dzayo
pasi pamapapiro ayo. 38 Tarira, wasiyirwa imba yako yangova dongo.
39 Ndinokuudza kuti, hauchazondionizve kusvikira wati, ‘Akaropafadzwa
anouya muzita raIshe.’ ”

# 24

*Zviratidzo zvaMazuva Okupedzisira*

1 Jesu akabuda mutemberi, uye paakanga achifamba kudaro, vadzidzi
vake vakaswedera kwaari vakamuratidza dzimba dzetemberi. 2 Iye akati
kwavari, “Muri kuona zvinhu izvi zvose here? Ndinokuudzai chokwadi
kuti hakuna ibwe richasara pano riri pamusoro perimwe; ose achawisirwa
pasi.”

3 Jesu akati agara paGomo reMiorivhi, vadzidzi vakauya kwaari vari
voga vakati, “Tiudzei kuti zvinhu izvi zvichaitika rini, uye kuti chiratidzo
chokuuya kwenyu nokuguma kwenyika chichava chei?”

4 Jesu akapindura akati, “Chenjerai kuti murege kunyengerwa no-
munhu. 5 Nokuti vazhinji vachauya muzita rangu vachiti, ‘Ndini Kristu,’
uye vachinyengera vazhinji. 6 Muchanzwa nezvehondo uye neguhu re-
hondo, asi chenjerai kuti murege kuvhundutswa nazvo. Zvinhu zvakadaro
zvinofanira kuitika asi kuguma kunenge kusati kwasvika. 7 Nokuti rudzi
ruchamukira rumwe rudzi noumambo huchamukira humwe umambo.
Kuchava nenzara nokudengenyeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-
siyana. 8 Asi zvose izvi mavambo okurwadziwa pakubereka.

9 “Ipapo muchaiswa kuna vanokutambudzai mugourayiwa, uye
muchavengwa nendudzi dzose nokuda kwangu. 10 Panguva iy-
oyo vazhinji vachadzokera shure kubva pakutenda uye vachamuki-
rana vagovengana, 11 uye vaprofita vazhinji venhema vachamuka uye
vachanyengera vanhu vazhinji. 12 Nokuda kwokuwanda kwokusarurama,
rudo rwavazhinji ruchatonhora. 13 Asi uyo achatsungirira kusvikira
kumagumo, achaponeswa. 14 Uye vhangeri iri roumambo richaparidzwa
munyika yose souchapupu kumarudzi ose, ipapo kuguma kuchasvika.

15 “Saka pamunoona ‘nyangadzi yokuparadza’ yakataurwa nomuprofita
Dhanieri, imire panzvimbo tsvene, anoverenga ngaanzwisise, 16 ipapo
vari muJudhea ngavatizire kumakomo. 17 Uyo ari padenga reimba yake
ngaarege kuburuka kuti andotora chinhu chipi zvacho chiri mumba make.
18 Ari mumunda ngaarege kudzokera kundotora nguo yake. 19 Zvichaoma
sei mumazuva iwayo kuvakadzi vane mimba navaya vanoyamwisa!
20 Nyengeterai kuti kutiza kwenyu kurege kuitika panguva yechando kana
nomusi weSabata. 21 Nokuti ipapo pachava nenhamo huru isina kumbo-
vapo kubva pakuvamba kwenyika kusvika zvino uye haizombovapozve.
22 Dai mazuva iwayo asina kutapudzwa, hapana munhu airarama, asi
nokuda kwavasanangurwa, mazuva iwayo achatapudzwa. 23 Panguva
iyoyo, mukanzwa munhu anoti kwamuri, ‘Tarirai, hoyu Kristu!’ kana
kuti, ‘Hoyo Kristu,’ musazvitenda. 24 Nokuti kuchamuka vanaKristu
venhema navaprofita venhema avo vachaita zviratidzo nezvishamiso kuti
vanyengere kunyange navasanangurwa kana zvichigoneka. 25 Tarirai,
ndafanokuudzai zvisati zvaitika.

26 “Saka kana munhu upi zvake akakuudzai kuti, ‘Tarirai uyo ari
kurenje,’ musabuda kuti muendeko kana kuti akati, ‘Tarirai, ari mudz-
imba dzomukati,’ musazvitenda. 27 Sezvinoita mheni inopenya kumab-
vazuva ichionekwawo kumavirira, ndizvo zvichaita kuuya kwoMwanako-
mana woMunhu. 28 Pose pano mutumbi ndipo pachaungana magora.

29 “Pakarepo shure kwokutambudzika kwamazuva iwayo,

“ ‘zuva richasviba,
uye mwedzi hauzovheneki;
nyeredzi dzichawa kubva kudenga,
namasimba omuchadenga achazungunuswa.’

30 “Ipapo chiratidzo choMwanakomana woMunhu chichaonekwa ku-
denga, uye ndudzi dzose dzenyika dzichachema. Vachaona Mwanako-
mana woMunhu achiuya ari mumakore okudenga nesimba nokubwinya
kukuru. 31 Uye achatuma vatumwa vake nokurira kwehwamanda kukuru
uye vachaunganidza vasanangurwa vake kubva kumhepo ina dzenyika,
kubva kuno rumwe rutivi rwedenga kusvikira kuno rumwe.

32 “Zvino dzidzai chidzidzo ichi kubva pamuonde: Panopfava matavi
awo uye mashizha awo otungira, munoziva kuti zhizha rava pedyo.
33 Saizvozvowo, nemiwo pamunoona zvinhu zvose izvi muzive kuti nguva
yangu yava pedyo, yava pamusiwo. 34 Ndinokuudzai chokwadi kuti rudzi
urwu harungatongopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvaitika. 35 Denga
nenyika zvichapfuura asi mashoko angu haangatongopfuuri.

### *Musi neNguva hazvizivikanwi*

36 “Hapana anoziva musi kana nguva kunyange vatumwa vokudenga
kana Mwanakomana, asi Baba chete. 37 Sezvazvakanga zvakaita pa-
mazuva aNoa, ndizvo zvazvichaita pakuuya kwoMwanakomana woM-
unhu. 38 Nokuti sapamazuva iwayo mafashamu asati auya, vanhu vaidya
uye vachinwa, vaiwana nokuwanikwa kusvikira pazuva iro Noa akapinda
muareka, 39 uye vakanga vasingazivi chinhu pamusoro pezvaizoitika
kusvikira mafashamu avakukura vose. Ndizvo zvazvichaita pakuuya
kwoMwanakomana woMunhu. 40 Varume vaviri vachange vari mumunda,
mumwe achatorwa uye mumwe achasiyiwa. 41 Vakadzi vaviri vachange
vachikuya paguyo, mumwe achatorwa uye mumwe achasiyiwa.

42 “Naizvozvo, garai makagadzirira nokuti hamuzivi zuva iro Ishe wenyu
achauya naro. 43 Asi nzwisisai izvi: Dai muridzi weimba aiziva kuti
inguva ipi yousiku ichauya mbavha, angadai airinda uye haaizotendera
kuti imba yake ipazwe. 44 Naizvozvo nemiwo garai makagadzirira nokuti
Mwanakomana woMunhu achauya nenguva yamusingamutarisiri.
45 “Ndiani zvino muranda akatendeka uye akachenjera uyo akaiswa
natenzi wake kuti atarire varanda veimba yake kuti agovapa zvokudya
panguva yakafanira? 46 Akaropafadzwa muranda uyo anowanikwa
achiita izvozvo pakudzoka kwatenzi wake. 47 Ndinokuudzai chokwadi
kuti achamugadza kuti ave mutariri wepfuma yake yose. 48 Asi ngatimboti
muranda uyo akaipa uye oti mumwoyo make, ‘Tenzi wangu achange asipo
kwenguva refu,’ 49 uye ipapo otanga kurova vamwe varanda uye nokudya
nokunwa nezvidhakwa. 50 Tenzi womuranda uyo achauya pazuva
raasingatarisire napanguva yaasingazivi. 51 Achasvikomugura-gura ago-
muisa panzvimbo imwe chete navanyengeri apo pachava nokuchema
nokurumanya kwameno.

# 25

*Mufananidzo waVasikana Gumi*

1 “Panguva iyoyo umambo hwokudenga huchange hwakafanana
navasikana gumi, vakatora mwenje yavo vakabuda kundochingamidza
chikomba. 2 Vashanu vavo vakanga vari mapenzi uye vashanu vavo
vakanga vakachenjera. 3 Mapenzi vaya vakatora mwenje yavo asi havana
kuisa mafuta mairi. 4 Kunyange zvakadaro, vakachenjera vakatora mafuta
mumidziyo pamwe chete nemwenje yavo. 5 Chikomba chakanonoka
kusvika, vose vakabatwa nehope ndokuvata.
6 “Pava pakati pousiku vakanzwa mheremhere: ‘Chikomba chauya!
Budai mumuchingamidze!’
7 “Ipapo vasikana vose vakamuka uye vakagadziridza mwenje yavo.
8 Mapenzi akati kuna vakachenjera, ‘Tipeiwo mamwe emafuta enyu;
mwenje yedu yava kudzima.’
9 “Vakapindura vakati, ‘Kwete, zvimwe haangakwaniri isu nemi tose.
Asi endai kuna vaya vanotengesa mafuta mugondozvitengera mamwe.’
10 “Asi vachiri munzira kundotenga mafuta, chikomba chakasvika.
Vasikana vakanga vakagadzirira vakapinda naye mumutambo wesvitsa
uye musuo ukapfigwa.
11 “Pashure vamwe vaya vakadzokawo. Vakati, ‘Ishe! Ishe! Ti-
zarurireiwo musuo!’
12 “Asi akavapindura achiti, ‘Ndinokuudzai chokwadi, handikuzivei.’
13 “Naizvozvo garai makagadzirira nokuti hamuzivi musi kana nguva.

*Mufananidzo waMatarenda*

14 “Zvakare, zvichaita somurume akabuda kuti afambe rwendo, akadana
varanda vake akavachengetesa pfuma yake. 15 Kuno mumwe akapa
matarenda mashanu[*] emari, kuno mumwe matarenda maviri, uye
kuno mumwe tarenda rimwe chete, mumwe nomumwe maererano
nokugona kwake. Ipapo akaenda zvake parwendo rwake. 16 Murume
akapiwa matarenda mashanu akaenda pakarepo akandoshandisa mari
yake akawanazve mamwe mashanu. 17 Saizvozvo uya aiva namatarenda

* **25:15** 25:15 tarenda raiva mazana namazana amadhora

maviri akawana mamwe maviri. 18 Asi murume akanga apiwa tarenda
rimwe chete akaenda akandochera gomba muvhu ndokuviga mari yatenzi
wake.

19 "Shure kwenguva refu tenzi wavaranda vaya akadzoka akagadzirisa
nezvemari idzi navo. 20 Murume akanga apiwa matarenda mashanu
akauya namamwe mashanu, akati, 'Tenzi, makandipa matarenda
mashanu. Tarirai ndakawana mamwe mashanu.'

21 "Tenzi wake akapindura akati, 'Waita zvakanaka iwe muranda
akanaka, akatendeka! Wanga wakatendeka pazvinhu zvishoma;
ndichakuita mutariri wezvinhu zvizhinji. Pinda mumufaro watenzi
wako!'

22 "Murume akanga apiwa matarenda maviri akauyawo. Akati, 'Tenzi
makandipa matarenda maviri, tarirai ndakawanazve mamwe maviri.'

23 "Tenzi wake akapindura akati, 'Waita zvakanaka, iwe muranda
akanaka, akatendeka! Wanga wakatendeka pazvinhu zvishoma,
ndichakuita mutariri wezvinhu zvizhinji. Pinda mumufaro watenzi
wako!'

24 "Ipapo murume akanga apiwa tarenda rimwe chete akauya, akati,
'Tenzi, ndakaziva kuti muri munhu akaoma, munokohwa pamusina
kudyara uye munounganidza pamusina kukusha mbeu. 25 Nokudaro
ndakatya ndikandocherera tarenda renyu muvhu. Tarirai, pfuma yenyu
iyi.'

26 "Tenzi wake akapindura akati, 'Iwe muranda akaipa, ano usimbe!
Saka wakanga uchiziva zvako kuti ndinokohwa pandisina kudyara noku-
unganidza pandisina kukusha mbeu? 27 Zvino ungadai wakachengetesa
mari yangu kune vamabhangi kuitira kuti pakudzoka kwangu ndaizoi-
wana yabereka.

28 " 'Mutorerei tarenda iri mupe kune uyo ane matarenda gumi.
29 Nokuti wose anazvo achapiwa zvimwe, agova nezvakawanda kwazvo.
Ani naani asina, kunyange nezvaanazvo achazvitorerwa. 30 Uye chikandai
muranda uyo asingabatsiri kunze kurima, uko kuchava nokuchema
nokurumanya kwameno.'

### *Makwai neMbudzi*

31 "Mwanakomana woMunhu paanouya nokubwinya kwake, nava-
tumwa vose, achagara pachigaro chake choushe mukubwinya kwoku-
denga. 32 Ndudzi dzose dzichaunganidzwa pamberi pake, achatsaura
vanhu mumwe kubva kuno mumwe somufudzi anotsaura makwai kubva
kumbudzi. 33 Achaisa makwai kurudyi rwake, uye mbudzi kuruboshwe
rwake.

34 "Ipapo Mambo achati kuna avo vari kurudyi rwake, 'Uyai imi
makaropafadzwa naBaba vangu, mutore nhaka yenyu, umambo hwamak-
agadzirirwa kubva pakusikwa kwenyika. 35 Nokuti ndakanga ndine nzara
mukandipa chokudya, ndakanga ndine nyota, mukandipa chokunwa,
ndakanga ndiri mweni mukandipinza mumba, 36 ndakanga ndisina
zvokupfeka mukandipfekedza, ndakanga ndichirwara mukandipepa,
ndakanga ndiri mutorongo mukandishanyira.'

37 "Ipapo vakarurama vachamupindura vachiti, 'Ishe, takakuonai
riniko mune nzara tikakupai chokunwa? 38 Takakuonai riniko muri
mweni tikakupinzai mumba, kana musina zvokupfeka tikakupfekedzai?
39 Takakuonai riniko muchirwara kana muri mutorongo tikakushanyirai?'

40 “Mambo achapindura achiti, ‘Ndinokuudzai chokwadi kuti, chose
chamakaitira mumwe wavaduku vehama dzangu idzi, makachiitira ini.’
41 “Ipapo achati kune avo vari kuruboshwe rwake, ‘Ibvai kwandiri imi
makatukwa mupinde mumoto usingadzimi wakagadzirirwa dhiabhori
navatumwa vake. 42 Nokuti ndakanga ndine nzara mukasandipa
chokudya, ndakanga ndine nyota, mukasandipa chokunwa, 43 ndakanga
ndiri mweni mukasandipinza mumba, ndakanga ndisina zvokupfeka
mukasandipfekedza, ndakanga ndichirwara uye ndiri mutorongo
mukasandishanyira.’
44 “Naizvozvo vachapindura vachiti, ‘Ishe, takakuonai riniko mune
nzara kana mune nyota kana muri mweni kana musina zvokupfeka kana
muchirwara kana muri mutorongo tikasakubatsirai?’
45 “Achapindura achiti, ‘Ndinokuudzai chokwadi kuti, zvose zvamusina
kuitira mumwe wavaduku ava, hamuna kuzviitira ini.’
46 “Ipapo vachaenda mukurangwa kusingaperi, asi vakarurama
vachipinda muupenyu husingaperi.”

# 26

### *Vanorangana Kuuraya Jesu*

1 Jesu akati apedza kutaura zvinhu zvose izvi, akati kuvadzidzi vake,
2 “Sezvamunoziva, Pasika yasarirwa namazuva maviri kuti isvike, uye
Mwanakomana woMunhu achaendeswa kuti andorovererwa pamuchin-
jikwa.”
3 Ipapo vaprista vakuru navakuru vavanhu vakandoungana mumuzinda
womuprista mukuru ainzi Kayafasi, 4 uye vakarangana kuti vasunge Jesu
namano vagomuuraya. 5 Vakati, “Asi kwete panguva yoMutambo nokuti
pangaita bope pakati pavanhu.”

### *Jesu Anozodzwa paBhetani*

6 Jesu paakanga ari muBhetani mumba momurume ainzi Simoni
waMaperembudzi, 7 mumwe mukadzi akauya kwaari nechinu chamafuta
anonhuhwira, omutengo mukuru, akasvikoadururira pamusoro wake,
agere patafura.
8 Vadzidzi vakati vachiona izvi, vakatsamwa uye vakati, “Kuparadza
kwakadai kwaitirweiko? 9 Mafuta anonhuhwira aya angadai atengeswa
nomutengo mukuru kwazvo uye mari yacho yapiwa varombo.”
10 Achiziva izvi, Jesu akati kwavari, “Munotambudzireiko mukadzi uyu?
Andiitira chinhu chakanaka kwazvo. 11 Varombo munavo nguva dzose,
asi ini hamuchava neni nguva dzose. 12 Paadira mafuta anonhuhwira pa-
muviri wangu, azviita kuti agadzirire kuvigwa kwangu. 13 Ndinokuudzai
chokwadi kuti, kwose kwose kuchaparidzwa vhangeri iri munyika yose,
zvaaita izvi zvichange zvichitaurwawo kuti vamurangarire nazvo.”

### *Judhasi Anobvuma Kutengesa Jesu*

14 Ipapo mumwe wavane gumi navaviri, ainzi Judhasi Iskarioti, akaenda
kuvaprista vakuru 15 akandobvunza achiti, “Muchandipei kana ndika-
muuyisa kwamuri?” Saka vakamuverengera makumi matatu esirivha.
16 Kubva ipapo zvichienda mberi Judhasi akamirira mukana wokuti
amuise kwavari.

### *Chirariro chaIshe*

17 Pazuva rokutanga roMutambo weZvingwa Zvisina Mbiriso, vadzidzi
vakauya kuna Jesu vakasvikomubvunza vachiti, “Ndokupi kwamunoda
kuti tindokugadzirirai kuti mugodyira Pasika?”
18 Akavapindura akati, “Endai muguta kuno mumwe murume
munosvikomuudza kuti, ‘Mudzidzisi anoti: Nguva yangu yakatarwa yava
pedyo. Ndichapemberera Pasika navadzidzi vangu mumba mako.’ ”
19 Saka vadzidzi vakaita sokurayirwa kwavakanga vaitwa naJesu vakan-
dogadzira Pasika.
20 Ava madekwana Jesu akagara patafura navane gumi navaviri. 21 Vari
pakati pokudya akati, “Ndinokuudzai chokwadi kuti mumwe wenyu
achandipandukira.”
22 Vakasuwa zvikuru uye vakatanga, mumwe nomumwe kuti, “Chok-
wadi, ndini here, Ishe?”
23 Jesu akapindura akati, “Munhu aisa ruoko neni mundiro, ndiye
achandipandukira. 24 Mwanakomana woMunhu achaenda hake sokun-
yorwa kwazvakaitwa nezvake. Asi ane nhamo munhu uyo anopandukira
Mwanakomana woMunhu! Zvingadai zvaiva nani kwaari dai asina
kuberekwa.”
25 Zvino Judhasi uyo aizomupandukira akati, “Chokwadi, ndini here,
Rabhi?”
Jesu akapindura akati, “Hongu, ndiwe.”
26 Vachiri kudya, Jesu akatora chingwa, akavonga akachimedura, uye
akapa vadzidzi vake, achiti, “Torai mudye; uyu ndiwo muviri wangu.”
27 Ipapo akatora mukombe, akavonga uye akavapa achiti, “Inwai
mose. 28 Iri iropa rangu resungano itsva rinodururirwa vazhinji
kuti vagoregererwa zvivi zvavo. 29 Ndinokuudzai kuti, handichazonwi
zvibereko zvomuzambiringa kubvira zvino kusvikira zuva iro randichazv-
inwa patsva nemi muumambo hwaBaba vangu.”
30 Vakati vaimba rwiyo, vakabuda vakaenda kuGomo reMiorivhi.

### *Jesu Anotaura kuti Petro Achamuramba*

31 Ipapo Jesu akati kwavari, “Usiku huno imi mose muchatiza nokuti
kwakanyorwa kuchinzi:
“ ‘Ndicharova mufudzi,
boka ramakwai rigopararira.’
32 Asi mushure mokunge ndamuka, ndichafanotungamira kuGarirea.”
33 Petro akapindura akati, “Kunyange vamwe vose vakatiza nokuda
kwenyu, ini handizoiti izvozvo.”
34 Jesu akati, “Ndinokuudza chokwadi kuti usiku huno chaihwo, jongwe
risati rarira uchandiramba katatu.”
35 Asi Petro akati kwaari, “Kunyange ndichifanira kufa nemi, handinga-
tongokurambai.” Vamwe vadzidzi vose vakadarowo.

### *Jesu muGetsemani*

36 Ipapo Jesu akaenda navadzidzi vake kunzvimbo inonzi Getsemani,
uye akati kwavari, “Garai pano ini ndichienda apo kundonyengetera.”
37 Akatora Petro navanakomana vaZebhedhi vaviri akaenda navo, uye
akatanga kusuwa, uye akatambudzika. 38 Ipapo akati kwavari, “Mweya
wangu uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa. Garai pano uye
murinde pamwe chete neni.”
39 Akaenda mberi zvishoma, akawira pasi nechiso chake akanyengetera
achiti, “Baba vangu, kana zvichibvira mukombe uyu ngaubviswe
kwandiri. Asi kwete kuda kwangu asi kuda kwenyu.”

40 Ipapo akadzokera kuvadzidzi vake akavawana vavata. Akabvunza
Petro achiti, "Varume, matadza kurinda neni kweawa imwe chete?
41 Rindai uye munyengetere kuti muregе kupinda mukuedzwa. Mweya
unoda, asi muviri wakaneta."

42 Akaendazve kechipiri akanyengetera achiti, "Baba vangu, kana
zvisingagoni kuti mukombe uyu ubviswe kwandiri kunze kwokutenge
ndaunwa, kuda kwenyu ngakuitwe."

43 Paakadzoka, akavawanazve vavata nokuti meso avo akanga azere
nehope. 44 Saka akavasiya akaendazve uye akanyengetera kechitatu,
achitaura zvimwe chetezvo.

45 Ipapo akadzokazve kuvadzidzi akati kwavari, "Muchakavata uye
muchakazorora here? Tarirai, nguva yava pedyo, uye Mwanakomana
woMunhu ari kupandukirwa achiiswa mumaoko avatadzi. 46 Simukai,
ngatichiendai! Anondipandukira uya ouya!"

### *Kusungwa kwaJesu*

47 Paakanga achiri kutaura kudaro, Judhasi, mumwe wevane gumi
navaviri akasvika. Akauya navanhu vazhinji vakanga vakabata minondo
netsvimbo, vakanga vatumwa navaprista vakuru navakuru vavanhu.
48 Zvino uya akamupandukira ainge avaudza chiratidzo achiti, "Uyo
wandinotsvoda ndiye; mumusunge." 49 Judhasi akaenda pakarepo kuna
Jesu akati, "Kwaziwai, Rabhi!" uye akamutsvoda.

50 Jesu akamupindura achiti, "Shamwari, ita zvawavinga."

Ipapo varume vakaswedera pedyo vakabata Jesu, vakamusunga.
51 Ipapo mumwe waavo vaiva naJesu akavhomora munondo wake
ndokugura nzeve yomuranda womuprista mukuru.

52 Zvino Jesu akati kwaari, "Dzorera munondo wako mumuhara mawo,
nokuti vose vanovhomora munondo vachafa nomunondo. 53 Unofunga
kuti handigoni here kukumbira kuna Baba vangu, vakandipa iye zvino,
vatumwa vanopfuura mapoka makuru gumi namaviri? 54 Asi Magwaro
angagozadziswa sei anoti zvinofanira kuitika saizvozvo?"

55 Panguva iyoyo Jesu akati kuvanhu vazhinji vaivapo, "Ko, ndino-
tungamirira vapanduki here zvamauya neminondo netsvimbo ku-
zondibata? Mazuva ose ndaigara mutemberi ndichidzidzisa uye hamuna
kundisunga. 56 Asi izvi zvose zvaitika kuti zvakanyorwa navaprofita
zvizadziswe." Ipapo vadzidzi vose vakamusiya uye vakatiza.

### *Jesu Pamberi peDare Guru*

57 Vaya vakanga vasunga Jesu vakaenda naye kuna Kayafasi, muprista
mukuru, uko kwakanga kwakaungana vadzidzisi vomurayiro navamwe
vakuru. 58 Asi Petro akamutevera ari chinhambwe kusvikira paruvazhe
rwomuprista mukuru. Akapinda akagara pasi pamwe chete navarindi kuti
aone maperero azvo.

59 Vaprista vakuru nedare rose ramakurukota vakanga vachitsvaka
zvapupu zvenhema kuti zvipomere Jesu mhosva kuti vamuuraye. 60 Asi
havana zvavakawana, kunyange zvazvo zvapupu zvenhema zvakauya
pamberi.

Pakupedzisira, vaviri vakauya 61 vakati, "Munhu uyu akati, 'Ndinogona
kuputsa temberi yaMwari ndigoivakazve namazuva matatu.' "

62 Ipapo muprista mukuru akasimuka akati kuna Jesu, "Ko, haupinduri
here? Uchapupu uhu hunorehwa navarume ava pamusoro pako ndo-
hwei?" 63 Asi Jesu akaramba anyerere.

Muprista mukuru akati kwaari, “Ndinokurayira, sezvo wapika naMwari mupenyu, kuti, ‘Tiudze kana uri iwe Kristu, Mwanakomana waMwari.’ ”
64 Jesu akapindura akati, “Hongu, ndizvo zvamataura. Asi ndinoti kwamuri mose: Munguva inouya muchaona Mwanakomana woMunhu agere kurudyi rwaSamasimba uye achiuya ari mumakore okudenga.”
65 Ipapo muprista mukuru akabvarura nguo dzake akati, “Ataura zvinomhura. Tichagodirei zvimwe zvapupu? Tarirai, zvino manzwa
kumhura kwake. 66 Munofungei nazvo?”

Vakapindura vachiti, “Anofanira kufa!”

67 Ipapo vakamusvipira mate kumeso uye vakamurova netsiva. Vamwe
vakamurova nembama 68 uye vakati, “Profita kwatiri, Kristu. Ndiani akurova?”

*Petro Anoramba Jesu*

69 Zvino Petro akanga agere panze muruvazhe, uye mumwe muranda wechisikana akauya kwaari akati, “Newewo wakanga una Jesu we-Garirea.”
70 Asi akaramba pamberi pavo vose achiti, “Handizivi zvauri kutaura nezvazvo.”
71 Ipapo akabuda akandomira pasuo apo paakaonekwa nomumwe musikana uyo akati kuvanhu vose vaivapo, “Murume uyu akanga ari pamwe chete naJesu weNazareta.”
72 Akarambazve, akapika achiti, “Murume uyu handimuzivi!”
73 Mushure mechinguva, vaya vakanga vamirepo vakaenda kuna Petro vakasvikoti, “Zvechokwadi uri mumwe wavo nokuda kwamatauriro ako.”
74 Ipapo akatanga kuzvituka uye akapika kwavari achiti, “Murume uyu handimuzivi!”
Pakarepo jongwe rakarira. 75 Ipapo Petro akarangarira shoko rakanga
rataurwa naJesu rokuti: “Jongwe risati rarira uchandiramba katatu.” Ipapo akabuda kunze akandochema zvikuru.

# 27

*Judhasi Anozvisungirira*

1 Mangwanani-ngwanani vaprista vose vakuru navakuru vavanhu
vakabvumirana kuti Jesu aurayiwe. 2 Vakamusunga, vakaenda naye
vakandomuisa kuna Pirato uyo aiva mubati.
3 Judhasi uya akanga amupandukira akati aona kuti Jesu atongerwa rufu, akazvidemba kwazvo ndokubvа adzosera makumi matatu esirivha
aya kuvaprista vakuru navakuru. 4 Akasvikoti, “Ndatadza, nokuti
ndapandukira ropa risina mhosva.”
Vakamupindura vachiti, “Zvinei nesu? Ndezvako izvo.”
5 Saka Judhasi akakanda mari iya mutemberi akabva akaenda akan-dozvisungirira.
6 Vaprista vakuru vakanhonga mari iya vakati, “Hazvitenderwi nomu-
rayiro kuti tiise mari iyi mudura remari, sezvo iri mari yeropa.” 7 Saka
vakazotenderana kuti vaishandise kutenga munda womuumbi wehari
kuti ugova nzvimbo yokuviga vatorwa. 8 Naizvozvo wakanzi Munda
Weropa kusvikira zuva ranhasi. 9 Ipapo zvakabva zvazadziswa zvakatau-
rwa nomuprofita Jeremia zvinoti, “Vakatora makumi matatu esirivha,
mutengo waakatengeswa nawo navanhu veIsraeri, 10 uye vakaashandisa
kutenga nawo munda womuumbi wehari, sokurayirwa kwandakaitwa naIshe.”

### *Jesu Pamberi paPirato*

11 Panguva iyoyo Jesu akamira pamberi pomubati, uye mubati akamub-
vunza achiti, "Ndiwe mambo wavaJudha here?"
Jesu akapindura achiti, "Hongu, ndizvo zvamataura."
12 Paakapomerwa navaprista vakuru navakuru vavanhu, haana
chaakapindura. 13 Ipapo Pirato akamubvunza achiti, "Iwe haunzwi here
uchapupu hwezvavavari kukupomera izvi?" 14 Asi, Jesu akaramba anyerere,
akasapindura kunyange chimwe zvacho, mubati akashamiswa kwazvo.
15 Zvino yaiva tsika yomubati pamutambo kusunungura musungwa
mumwe chete anenge asarudzwa navanhu vazhinji. 16 Panguva iyoyo
vaiva nomusungwa ainge anetsa kwazvo ainzi Bharabhasi. 17 Saka
vanhu vazhinji vakati vaungana, Pirato akavabvunza akati, "Ndoupi
wamunoda kuti ndikusunungurirei: Bharabhasi kana kuti Jesu anonzi
Kristu?" 18 Nokuti aiziva kuti vakanga vamuisa kwaari nokuda kwegodo.
19 Pirato akati agere pachigaro chokutonga mukadzi wake akamu-
tumira shoko iri rokuti: "Usawana chaunoita nomurume uyo asina
mhosva, nokuti hope dzandarota nezvake usiku hwanhasi dzanditam-
budza kwazvo."
20 Asi vaprista vakuru navakuru vavanhu vakakurudzira vanhu vazhinji
kuti vakumbire Bharabhasi uye kuti Jesu aurayiwe.
21 Mubati akabvunza akati, "Ndoupi pavaviri ava wamunoda kuti
ndikusunungurirei?"
Vakapindura vakati, "Bharabhasi!"
22 Pirato akabvunza akati, "Zvino ndichaiteiko naJesu anonzi Kristu?"
Vakapindura vakati, "Ngaarovererwe pamuchinjikwa!"
23 Pirato akabvunzazve achiti, "Nemhaka yei? Mhosva yake ndeyei?"
Vanhu vazhinji vaya vakaramba vachidanidzira vachiti, "Ngaarover-
erwe pamuchinjikwa!"
24 Pirato akati aona kuti hapana kwaaisvika, asi kuti bope rakanga
rotanga, akatora mvura akashamba maoko ake pamberi pavanhu akati,
"Handina mhosva yeropa romunhu uyu. Zvionerei."
25 Vanhu vose vakapindura vachiti, "Ropa rake ngarive pamusoro pedu
napamusoro pevana vedu."
26 Ipapo akavasunungurira Bharabhasi, asi akaita kuti Jesu arohwe, uye
akamupa kwavari kuti arovererwe pamuchinjikwa.

### *Varwi Vanoseka Jesu*

27 Ipapo varwi vomubati vakatora Jesu vakaenda naye mumuzinda
womubati uye vakaunganidza hondo yose paari. 28 Vakamubvisa nguo
dzake vakamupfekedza nguo tsvuku. 29 Vakaruka korona yeminzwa
vakaiisa pamusoro wake. Vakamubatisa mudonzvo muruoko rwake
rworudyi vakapfugama pamberi pake uye vakamuseka vachiti, "Kwazi-
wai, Mambo wavaJudha!" 30 Vakamusvipira mate vakamutorera tsvimbo
iya uye vakamurova nayo mumusoro kakawanda. 31 Shure kwokumuseka,
vakamupfekedza nguo dzake chaidzo ndokuenda naye kundomuroverera
pamuchinjikwa.

### *Kurovererwa paMuchinjikwa*

32 Vakati vobuda, vakasangana nomurume aibva kuSairini ainzi Si-
moni, uye vakamumanikidza kuti atakure muchinjikwa. 33 Vakasvika
panzvimbo inonzi Gorogota, (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya).
34 Ipapo vakapa Jesu waini yakasanganiswa nenduru, kuti anwe, asi akati

airavira akaramba kuinwa. 35 Vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vak-
agovana nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. 36 Uye vakagara pasi,
vakamurinda. 37 Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwaiti:
"UYU NDIJESU, MAMBO WAVAJUDHA." 38 Makororo maviri akarovererwawo
pamwe chete naye, mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39 Vaya vaip-
fuura napo, vakamutuka vachidzungudza misoro yavo 40 uye vachiti, "Iwe
uri kuzoputsa temberi uchizoivakazve mumazuva matatu, chizviponesa!
Buruka pamuchinjikwa kana uri Mwanakomana waMwari!"

41 Nenzira imwe cheteyo, vaprista vakuru, navadzidzisi vomurayiro
navakuru vakamuseka vachiti, 42 "Akaponesa vamwe, asi haagoni
kuzviponesa! Ndiye Mambo weIsraeri! Ngaaburuke zvino pamuchinjikwa
tigotenda kwaari. 43 Anovimba naMwari saka ngaachimununura iye
zvino kana achimuda, nokuti akati, 'Ndiri Mwanakomana waMwari.' "
44 Nenzira imwe cheteyo makororo akanga arovererwa pamwe chete naye
akamutukawo.

### *Kufa kwaJesu*

45 Kubva panguva yechitanhatu kusvika panguva yepfumbamwe rima
rakavapo panyika yose. 46 Nenguva inenge yepfumbamwe, Jesu
akadanidzira nenzwi guru achiti, "Eroi, Eroi, rama sabhakitani?"
zvichireva kuti, "Mwari wangu! Mwari wangu, mandisiyireiko?"

47 Vamwe vakanga vamirepo vakati vanzwa izvozvo, vakati, "Ari kudana
Eria."

48 Pakarepo mumwe wavo akamhanya akatora chipanje. Akachizadza
newaini yevhiniga ndokuchiisa pachimuti, achibva apa Jesu kuti anwe.
49 Vamwe vakati, "Zvino musiyei ari oga. Regai tione kana Eria achiuya
kuzomuponesa."

50 Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake.

51 Panguva iyoyo chidzitiro chomutemberi chakabvaruka napakati
kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka, uye mabwe
akatsemuka. 52 Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene vazhinji vakanga
vakafa ikamutswa kuupenyu. 53 Vakabuda mumakuva, uye shure kwoku-
muka kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navanhu
vazhinji.

54 Mukuru wezana navaya vaakanga anavo vakarinda Jesu, pavakaona
kudengenyeka kwenyika nezvose zvakanga zvaitika, vakatya kwazvo, uye
vakati, "Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!"

55 Vakadzi vazhinji vakanga varipo, vachitarira vari kure. Vakanga
vatevera Jesu kubva kuGarirea kuti vamuriritire pane zvaaida. 56 Pakati
pavo paiva naMaria Magadharena, Maria mai vaJakobho naJosefa, namai
vavanakomana vaZebhedhi.

### *Kuvigwa kwaJesu*

57 Kwakati kwovira, kwakauya mumwe murume mupfumi aibva kuAri-
matea, ainzi Josefa, akanga avawo mudzidzi waJesu. 58 Akaenda kuna
Pirato akandokumbira mutumbi waJesu, uye Pirato akarayira kuti aupiwe.
59 Josefa akatora mutumbi akauputira nomucheka wakachena, 60 akauisa
muguva rake idzva raakanga achera padombo. Akakungurutsira ibwe
guru pamuromo weguva ndokubva aenda. 61 Maria Magadharena
nomumwe Maria vakanga varipo vagere pakatarisana neguva.

### *Murindi paGuva*

62 Mangwana acho, iro rakatevera Zuva roKugadzirira, vaprista vakuru
navaFarisi vakaenda kuna Pirato. 63 Vakasvikoti, "Ishe, tinorangarira
kuti achiri mupenyu, munyengeri uya akati, 'Mushure mamazuva matatu,
ndichamukazve.' 64 Saka rayirai kuti guva rake richengetedzwe kwazvo
kusvika pazuva retatu. Zvimwe vadzidzi vake vangauye vakaba mutumbi
wake vakaudza vanhu kuti akamutswa kubva kuvakafa. Kunyengera
kwokupedzisira uku kuchaipa kukunda kwokutanga."
65 Pirato akapindura akati, "Torai, varindi. Endai, mundochengetedza
guva iroro semaziviro enyu." 66 Saka vakaenda vakandoita kuti richenget-
edzwe nokuisa chisimbiso pabwe, uye nokuisa varindi.

# 28

*Kumuka kwaJesu*

1 Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi wokutanga wevhiki,
Maria Magadharena nomumwe Maria vakaenda kundoona guva.
2 Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti mutumwa waShe
akabva kudenga akaenda paguva akasvikokungurutsa ibwe riya akagara
pamusoro paro. 3 Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni uye
nguo dzake dzakanga dzakachena sechando. 4 Varindi vakamutya kwazvo
zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.
5 Mutumwa akati kuvakadzi vaya, "Musatya nokuti ndinoziva kuti
muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa pamuchinjikwa. 6 Haapo pano;
amuka sokutaura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete.
7 Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake kuti, 'Amuka kubva
kuvakafa uye kuti afanotungamira kuGarirea. Muchanomuona ikoko.'
Zvino ndakuudzai."
8 Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva vachitya asi
vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake.
9 Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, "Kwaziwai." Vakauya kwaari
vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. 10 Ipapo Jesu akati kwavari,
"Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende kuGarirea; ikoko
ndiko kwavachanondiona."

*Zvakataurwa naVarindi*

11 Vakadzi vaya vachiri munzira, vamwe vevarindi vakaenda muguta
vakandotaurira vaprista vakuru zvose zvakanga zvaitika. 12 Vaprista
vakuru vakati vasangana navakuru, uye vafunga zano, vakapa varwi
mari zhinji 13 vakati kwavari, "Imi munofanira kutaura muchiti, 'Vadzidzi
vake vakauya usiku vakamuba isu tivete.' 14 Kana mashoko aya akasvika
munzeve dzomubati, isu tichaita kuti agutsikane uye imi musawira
mudambudziko." 15 Saka varwi vakatora mari iya vakaita sezvavakanga
varayirwa. Uye shoko iri rakaparadzirwa kwazvo pakati pavaJudha
kusvikira zuva ranhasi.

*Kutumwa Kukuru*

16 Ipapo vadzidzi gumi nomumwe vakaenda kuGarirea, kugomo ra-
vainge vaudzwa naJesu kuti vaende. 17 Vakati vamuona, vakamuna-
mata, asi vamwe vakakahadzika. 18 Ipapo Jesu akasvika pavari akati,
"Simba rose kudenga napanyika rakapiwa kwandiri. 19 Naizvozvo
endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba,
neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, 20 uye muchivadzidzisa

kuti vachengete zvose zvandakakurayirai. Uye zvechokwadi ndinemi kusvikira pakuguma kwenyika.”

# MAKO

*Johani Mubhabhatidzi anogadzira Nzira*

1 Kutanga kwevhangeri raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

2 Kwakanyorwa muna Isaya muprofita kuchinzi:

“Ndichatuma nhume yangu mberi kwako,
uyo achagadzira nzira yako,”
3 “inzwi rounodana murenje, richiti,
‘Gadzirai nzira yaShe,
ruramisai migwagwa yake.’ ”

4 Uye saizvozvo Johani akauya, achibhabhatidza murenje uye achiparidza
rubhabhatidzo rwokutendeuka kuti varegererwe zvivi. 5 Nyika yose
yeJudhea navanhu vose veJerusarema vakaenda kwaari. Vachireurura
zvivi zvavo, vakabhabhatidzwa naye muRwizi rweJorodhani. 6 Johani
aipfeka nguo dzamakushe engamera, nebhanhire reganda muchiuno
chake, uye aidya mhashu nouchi hwesango. 7 Uye iyi ndiyo yakanga
iri mharidzo yake: “Shure kwangu kuchauya mumwe ane simba kup-
fuureni wandisina kufanira kusunungura rukanda rweshangu dzake.
8 Ndinokubhabhatidzai nemvura, asi iye achakubhabhatidzai noMweya
Mutsvene.”

*Kubhabhatidzwa noKuedzwa kwaJesu*

9 Panguva iyoyo Jesu akauya achibva kuNazareta muGarirea uye
akabhabhatidzwa naJohani muJorodhani. 10 Jesu paakanga ava kubuda
mumvura, akaona denga richizarurwa uye Mweya achiburukira pamu-
soro pake senjiva. 11 Uye inzwi rakauya richibva kudenga richiti, “Ndiwe
Mwanakomana wangu, wandinoda, wandinofarira kwazvo.”

12 Pakarepo Mweya akamutumira kurenje, 13 uye akanga ari murenje
kwamazuva makumi mana, achiedzwa naSatani. Akanga ari pamwe chete
nemhuka dzesango uye vatumwa vakamushandira.

*Kudanwa kwaVadzidzi Vokutanga*

14 Mushure mokunge Johani aiswa mutorongo, Jesu akaenda kuGarirea,
achiparidza vhangeri raMwari. 15 Akati, “Nguva yasvika. Umambo
hwaMwari hwaswedera. Tendeukai mutende vhangeri!”

16 Jesu paakanga achifamba pamahombekombe eGungwa reGarirea,
akaona Simoni nomunun’una wake Andirea vachikanda usvasvi mu-
gungwa, nokuti vakanga vari vabati vehove. 17 Jesu akati, “Uyai
munditevere, uye ndichakuitai vabati vavanhu.” 18 Pakarepo vakasiya
usvasvi hwavo vakamutevera.

19 Akati afamba chinhambwe zvishoma, akaona Jakobho mwanakomana
waZebhedhi nomunun’una wake Johani vari mugwa, vachigadzira usvasvi
hwavo. 20 Haana kunonoka, akavadana, uye vakasiya baba vavo,
Zebhedhi, mugwa vaine vashandi vavo, vakamutevera.

*Jesu Anodzinga Mweya Wakaipa*

21 Vakaenda kuKapenaume, uye nomusi weSabata, Jesu akapinda
musinagoge akatanga kudzidzisa. 22 Vanhu vakashamiswa nokudzidzisa
kwake, nokuti akavadzidzisa somunhu ane simba, asingaiti savadzidzisi
vomurayiro. 23 Pakarepo mumwe murume akanga ari musinagoge ravo

akanga akabatwa nomweya wakaipa akadanidzira achiti, 24 “Munodeiko
kwatiri, imi Jesu weNazareta? Mauya kuzotiparadza here? Ndinoziva kuti
ndimi ani, imi Mutsvene waMwari!”
25 Jesu akarayira akati, “Nyarara! Buda maari!” 26 Mweya wakaipa
wakamuzunza-zunza ndokubva wabuda maari nenzwi guru.
27 Vanhu vose vakashamiswa kwazvo zvokuti vakabvunzana vachiti,
“Chiiko ichi? Idzidziso itsva ine simba! Anorayira kunyange mweya
yakaipa, uye ichimuteerera.” 28 Mukurumbira wake wakapararira
munyika yose yeGarirea.

### *Jesu Anoporesa Vazhinji*

29 Vakati vachangobva musinagoge, vakaenda naJakobho naJohani
kumba kwaSimoni naAndirea. 30 Ambuya vaSimoni vakanga vavete
pamubhedha vachirwara nefivha, uye vakaudza Jesu nezvavo. 31 Saka
akaenda kwavari, akabata ruoko rwavo akavabatsira kusimuka. Fivha
yakabva mavari vakatanga kuvashandira.
32 Manheru acho iwayo zuva ravira, vanhu vakauya kuna Jesu navose
vairwara navakanga vakabatwa namadhimoni. 33 Guta rose rakaun-
gana pamukova, 34 uye Jesu akaporesa vazhinji vakanga vane zvirwere
zvakasiyana-siyana. Akadzingawo madhimoni mazhinji, asi akanga
asingatenderi madhimoni kuti ataure nokuti akanga achiziva kuti iye
ndiani.

### *Jesu Anonyengetera Ari Oga*

35 Mangwanani-ngwanani, kuchakasviba, Jesu akamuka akabuda
mumba akaenda kunzvimbo yaakanga ari oga, ikoko akandonyengetera.
36 Simoni navamwe vake vakaenda kundomutsvaka, 37 uye vakati va-
muwana, vakati, “Vanhu vose vanokutsvakai!”
38 Jesu akapindura akati, “Ngatiendei kune imwe nzvimbo, ku-
misha iri pedyo, kuti ndinoparidzawo ikoko. Ndizvo zvandakauyira.”
39 Saka akafamba nomuGarirea yose, achiparidza mumasinagoge avo uye
achidzinga madhimoni.

### *Murume Akanga Ana Maperembudzi*

40 Mumwe murume akanga ana maperembudzi akauya kwaari
akapfugama, akamukumbira zvikuru achiti, “Kana muchida, munogona
kundinatsa.”
41 Jesu akamunzwira ngoni, akatambanudza ruoko rwake akabata
murume uya. Akati, “Ndinoda. Chinatswa!” 42 Pakarepo maperembudzi
akabva paari uye akaporeswa.
43 Jesu akamuendesa pakarepo akamuyambira zvikuru achiti,
44 “Chenjera kuti uregе kuudza mumwe munhu. Asi enda, undozviratidza
kumuprista ugobayira chipiriso chakarayirwa naMozisi chokuporeswa
kwako, chive chapupu kwavari.” 45 Asi iye akabuda akatanga kutaura
akasununguka, achiparadzira shoko iro. Nokuda kwaizvozvo, Jesu haana
kuzogona kupinda muguta zviri pachena asi akagara kunze, kunzvimbo
dzakanyarara. Kunyange zvakadaro vanhu vakaramba vachiuya kwaari
vachibva kumativi ose.

## 2

### *Jesu Anoporesa Munhu Akanga Akafa Mutezo*

1 Shure kwamazuva mashoma shoma, Jesu akati apindazve muKape-
naume, vanhu vakanzwa kuti akanga auya kumusha. 2 Saka vazhinji

vakaungana zvokuti mumba makasara musisina nzvimbo kunyange
kunze kwomukova, uye akaparidza shoko kwavari. 3 Vamwe varume
vakasvika, vakauya kwaari nomunhu akanga akafa mutezo, akatakurwa
navarume vana. 4 Sezvo vakanga vasingagoni kusvika naye kuna Jesu
nokuda kwokuwanda kwavanhu, vakazarura denga reimba pamusoro
paJesu uye, vakati variputsa, vakaburutsa nhoo pakanga pavete uya
munhu akanga akafa mutezo. 5 Jesu akati aona kutenda kwavo, akati kuno
uya akanga akafa mutezo, "Mwanakomana, zvivi zvako zvaregererwa."

6 Zvino vamwe vadzidzisi vomurayiro, vakanga vagere ipapo, vakafunga
mumwoyo yavo vachiti, 7 "Munhu uyu anotaura sei achidaro? Ari
kumhura Mwari! Ndianiko anoregerera zvivi asi Mwari oga?"

8 Pakarepo Jesu akazviziva mumweya wake kuti ndizvo zvavakanga
vachifunga mumwoyo yavo, uye akati kwavari, "Seiko muchifunga zvinhu
izvi? 9 Ndezvipiko zvakareruka: Kuti kuno wakafa mutezo, 'Zvivi zvako
zvaregererwa,' kana kuti, 'Simuka, tora nhoo yako ufambe'? 10 Asi kuti
muzive kuti Mwanakomana woMunhu ane simba panyika rokuregerera
zvivi." Akati kuna akanga akafa mutezo, 11 "Ndinoti kwauri, simuka, tora
nhoo yako uende kumba." 12 Akasimuka kubva panhoo yake, akatora
nhoo yake akafamba akabuda vose vachizviona. Izvi zvakashamisa
munhu wose uye vakarumbidza Mwari vachiti, "Hatina kumboona chinhu
chakadai!"

### *Kudanwa kwaRevhi*

13 Ipapo Jesu akabudazve akaenda kugungwa. Vanhu vazhinji zhinji
vakauya kwaari uye akatanga kuvadzidzisa. 14 Paaifamba achitevedza
gungwa, akaona Revhi mwanakomana waArifeasi agere paitererwa
mutero. Jesu akati kwaari, "Nditevere," ipapo Revhi akasimuka akamutev-
era.

15 Jesu paakanga achidya kudya kwamanheru pamba paRevhi, vateresi
vazhinji na"vatadzi" vakanga vachidya naye, navadzidzi vake, nokuti
kwaiva navazhinji vaimutevera. 16 Vadzidzisi vomurayiro, ivo vaFarisi,
vakati vachimuona achidya na"vatadzi" navateresi, vakabvunza vadzidzi
vake vakati, "Seiko achidya navateresi na'vatadzi'?"

17 Anzwa izvozvo, Jesu akati kwavari, "Vasingarwari havatsvaki
chiremba, asi vanorwara. Handina kuuya kuzodana vakarurama, asi
vatadzi."

### *Vanobvunza Jesu pamusoro poKutsanya*

18 Zvino vadzidzi vaJohani navaFarisi vakanga vachitsanya. Vamwe
vanhu vakauya vakabvunza Jesu vakati, "Sei vadzidzi vaJohani navadzidzi
vavaFarisi vachitsanya, asi venyu vasingatsanyi?"

19 Jesu akapindura akati, "Shamwari dzechikomba dzingatsanya seiko
kana iye achinavo? Havangadaro, kana iye achinavo. 20 Asi nguva
ichasvika ichabviswa chikomba kwavari, uye pazuva iroro vachatsanya.

21 "Hakuna munhu anoisa chigamba chitsva panguo tsaru. Kana
akadaro, chigamba chitsva chichabvarura chitsaru, zvoita kuti buri racho
rinyanye kukura. 22 Uye hakuna munhu anodira waini itsva muhombodo
dzamatehwe tsaru. Kana akaita izvozvo, waini ichaputitsa matehwe, uye
zvose waini nedehwe rewaini zvichaparara. Kwete, anodira waini itsva
muhombodo itsva."

### *Ishe weSabata*

23 Mumwe musi weSabata, Jesu akanga achipfuura nomuminda yezviyo,
uye vadzidzi vake vakanga vachifamba naye, vakatanga kutanha hura
dzezviyo. 24 VaFarisi vakati kwaari, “Tarirai, seiko vachiita zvisingaten-
derwi nomusi weSabata.”

25 Akapindura akati, “Hamuna kumboverenga here zvakaitwa naD-
havhidhi navamwe vake pavakanga vashayiwa zvokudya uye vonzwa
nzara? 26 Mumazuva aAbhiatari muprista mukuru, akapinda mumba
maMwari akadya chingwa chakatsaurwa, chinongotenderwa kudyiwa
navaprista chete. Uye akapawo vamwe vaaiva navo.”

27 Ipapo akati kwavari, “Sabata rakaitirwa munhu, munhu haana
kuitirwa Sabata. 28 Saka Mwanakomana woMunhu ndiye Ishe kunyange
weSabata.”

# 3

1 Pane imwe nguva akapinda musinagoge, uye imomo makanga mune
murume akanga ane ruoko rwakanga rwakakokonyara. 2 Vamwe vavo
vakanga vachitsvaka mhosva yavangapomera Jesu, saka vakamutarisisa
kuti vaone kana aizomuporesa nomusi weSabata. 3 Jesu akati kumurume
akanga ane ruoko rwakakokonyara, “Simuka umire pamberi pavanhu
vose.”

4 Ipapo Jesu akavabvunza akati, “Ndezvipiko zvinotenderwa nomusi
weSabata: kuita zvakanaka kana kuita zvakaipa, kuponesa munhu kana
kuuraya?” Asi vakaramba vanyerere.

5 Atsamwa, akatarisa vanhu vose vakanga vakamukomberedza, uye
ashungurudzwa nokuda kwokusindimara kwemwoyo yavo akati kumu-
rume uya, “Tambanudza ruoko rwako.” Akarutambanudza, uye ruoko
rwake rukaporeswa. 6 Ipapo vaFarisi vakabuda vakatanga kurangana
navaHerodhi kuti vangauraya sei Jesu.

### *Vazhinji Vanotevera Jesu*

7 Jesu akabva kugungwa navadzidzi vake, uye vanhu vazhinji vaibva
kuGarirea vakamutevera. 8 Vakati vanzwa zvose zvaakanga achiita,
vanhu vazhinji vakauya kwaari vachibva kuJudhea, Jerusarema, Idhumea,
uye namatunhu ari mhiri kweJorodhani, neakapoteredza Tire neSidhoni.
9 Akaudza vadzidzi vake kuti vamutsvagire igwa duku, kuitira kuti vanhu
varege kumutsikirira nokuda kwokuwanda kwavo. 10 Ainge aporesa
vazhinji zvokuti vaya vakanga vane zvirwere vakanga vachisundana
vachiuya mberi kuti vamubate. 11 Pose paaionekwa nemweya yakaipa,
yaiwira pasi pamberi pake uye yaidanidzira ichiti, “Ndimi Mwanakomana
waMwari.” 12 Asi iye akairayira kwazvo kuti irege kutaura kuti akanga ari
ani.

### *Kusarudzwa kwaVapostori Gumi naVaviri*

13 Jesu akakwira pagomo akadana kwaari vaya vaaida, uye vakauya.
14 Akasarudza vane gumi navaviri akavati vapostori, kuti vagare naye uye
kuti agozovatuma kuti vandoparidza 15 uye kuti vave nesimba rokudzinga
madhimoni.

16 Ava ndivo gumi navaviri vaakasarudza:

Simoni (uyo waakatumidza zita rokuti Petro),

[17] Jakobho mwanakomana waZebhedhi nomunun'una wake Johani (avo vaakatumidza zita rokuti Bhoanerigesi, kureva kuti Vanakomana voKutinhira),
[18] Andirea,
Firipi,
Bhatoromeo,
Mateo,
Tomasi,
Jakobho mwanakomana waArifeasi,
Tadheo,
Simoni muZeroti
[19] naJudhasi Iskarioti, uyo akamupandukira.

### *Jesu naBheerizebhubhi*

[20] Ipapo Jesu akapinda mune imwe imba, uye vazhinji vakaunganazve,
zvokuti iye navadzidzi vake vakanga vasingagoni kunyange kudya.
[21] Mhuri yake yakati yazvinzwa, vakaenda kundomubata, nokuti vakati, "Ava kupenga."
[22] Uye vadzidzisi vomurayiro vaibva kuJerusarema vakati, "Akabatwa nomweya waBheerizebhubhi! Ari kudzinga madhimoni nomuchinda wamadhimoni."
[23] Saka Jesu akavadana akataura kwavari nomufananidzo achiti, "Ko,
Satani angadzinga sei Satani? [24] Kana umambo huchizvipesanisa,
umambo ihwohwo hahugoni kumira. [25] Kana imba ichizvipesanisa, imba
iyoyo haigoni kumira. [26] Uye kana Satani achizvipikisa pachake uye
achizvipesanisa, haangagoni kumira; kuguma kwake kwasvika. [27] Zviripo
ndezvokuti, hakuna munhu angapinda mumba momunhu ane simba agotakura zvinhu zvake, kana asina kutanga asunga murume wacho ane
simba. Ipapo angagona kupamba imba yake. [28] Ndinokuudzai chokwadi
kuti zvivi zvose nokumhura kwavanhu kwose zvicharegererwa. [29] Asi
ani naani anomhura Mweya Mutsvene haazomboregererwi; ane mhosva yechivi chisingaperi."
[30] Akataura izvozvo nokuti vakanga vachiti, "Ano mweya wakaipa."

### *Mai vaJesu naVanun'una Vake*

[31] Ipapo mai vaJesu navanun'una vake vakauya. Vakatuma munhu
kundomudana ivo vamire panze. [32] Vazhinji vakanga vagere vakamukomberedza, uye vakati kwaari, "Mai venyu navanun'una venyu vari kukutsvakai panze."
[33] Iye akati, "Vanamai vangu navanun'una vangu ndivanaaniko?"
[34] Ipapo akatarisa kuna avo vakanga vagere vakaita denderedzwa
vakamupoteredza akati, "Ava ndivo mai vangu navanun'una vangu! [35] Ani naani anoita kuda kwaMwari ndiye munun'una wangu nehanzvadzi, uye namai vangu."

## 4

### *Mufananidzo woMukushi*

[1] Jesu akatanga kudzidzisazve ari pagungwa. Vanhu vakanga vakaungana vakamukomberedza vari vazhinji zhinji zvokuti akabva apinda mugwa akagara mariri ari mugungwa, asi vanhu vose vari kuma-
hombekombe. [2] Akavadzidzisa zvinhu zvizhinji nemifananidzo, uye
mukudzidzisa kwake akati, [3] "Teererai! Murimi akabuda kundokusha

mbeu yake. [4] Paakanga achikusha mbeu, dzimwe dzakawira munzira,
uye shiri dzakasvika dzikadzidya. [5] Dzimwe dzakawira murukangarabwe,
madzisina kuwana ivhu rakawanda. Dzakakurumidza kumera, nokuti
ivhu rakanga riri shoma. [6] Asi zuva rakati rabuda, mbeu dzakapiswa
nezuva, uye dzikaoma nokuti dzakanga dzisina midzi. [7] Dzimwe
dzakawira pakati peminzwa, minzwa ikakura ikavhunga mbeu, nokudaro hadzina kubereka zvibereko. [8] Uye dzimwe dzakawira pavhu
rakanaka. Dzakamera dzikakura uye dzikabereka kakapetwa makumi matatu, makumi matanhatu, kana kunyange zana."

[9] Ipapo Jesu akati, "Ane nzeve dzokunzwa, ngaanzwe."

[10] Paakanga ava oga, vane gumi navaviri uye navamwe vakanga vakamukomberedza vakamubvunza pamusoro pomufananidzo uyu. [11] Akati
kwavari, "Chakavanzika choumambo hwaMwari chakapiwa kwamuri. Asi
kuna avo vari kunze, zvinhu zvose zvinotaurwa nemifananidzo [12] kuitira
kuti,

" 'zvimwe vangaramba vachiona, asi varege kuonesesa;
uye vachinzwa, asi varege kunzwisisa;
kana kuti vangatendeuka uye vakaregererwa!' "

[13] Ipapo Jesu akati kwavari, "Hamunzwisisi mufananidzo uyu here?
Munganzwisisa seiko mufananidzo upi zvawo? [14] Murimi anokusha
shoko. [15] Vamwe vanhu vakaita setsanga yakawira munzira, munokushwa
shoko. Pavanongorinzwa, Satani anouya otora shoko rakushwa mukati
mavo. [16] Vamwe vakaita setsanga yakawira parukangarahwe, vanonzwa
shoko uye nokukurumidza vorigamuchira nomufaro. [17] Asi sezvo vasina
midzi, vanongotsungirira kwenguva pfupi. Panongosvika nhamo kana
kutambudzwa nokuda kweshoko, vanokurumidza kuwa. [18] Uye vamwe,
setsanga yakawira pakati peminzwa, vanonzwa shoko; [19] asi kufunganya
nezvoupenyu huno, kunyengera kwoupfumi uye zvishuvo zvezvimwe zvinhu zvinopinda zvigovhunga shoko, zvichirishayisa zvibereko. [20] Vamwe
vakaita setsanga yakawira pavhu rakanaka, vanonzwa shoko, vorigamuchira, uye vobereka zvibereko, kakapetwa makumi matatu, makumi matanhatu kana kunyange zana pane zvinenge zvakushwa."

### *Mwenje paChigadziko*

[21] Akati kwavari, "Munouya nomwenje kuzouisa pasi pedengu here
kana pasi pomubhedha? Handiti munouisa pachigadziko chawo here?
[22] Nokuti hapana chakavigwa chisingazooneswi, uye hapana chakavanzika chisingazobudi pachena. [23] Munhu ane nzeve dzokunzwa
ngaanzwe."

[24] Akaenderera mberi achiti, "Chenjererai kwazvo zvamunonzwa.
Chiyero chamunoshandisa, ndicho chamuchayerwawo nacho kunyange
zvakapfuurisa. [25] Ani naani anazvo achapiwa zvimwe; ani naani asina,
achatorerwa kunyange nezvaanazvo."

### *Mufananidzo weTsanga Inomera*

[26] Akatizve, "Umambo hwaMwari hwakafanana nomunhu anokusha
mbeu muvhu. [27] Usiku namasikati, kunyange akavata kana akamuka,
mbeu inomera igokura, kunyange zvazvo asingazivi kuti zvinoitika
sei. [28] Ivhu riri roga rinobereka zviyo, kutanga chipande, kwozoti
hura, kwozoitawo tsanga dzakakora muhura. [29] Panongoibva zviyo,
anozvicheka nejeko, nokuti kukohwa kwasvika."

### *Mufananidzo weMbeu yeMasitadhi*

30 Akatizve, “Umambo hwaMwari tingahufananidza neiko kana kuti
tingaita mufananidzo upiko kuti tihutsanangure? 31 Hwakafanana
netsanga yemasitadhi, inova tsanga duku duku yaunodyara muvhu.
32 Asi kana yadyarwa, inokura igova muti mukuru kupfuura miti yose
yomubindu, una matavi makuru zvokuti shiri dzedenga dzinogona kugara
mumumvuri wawo.”
33 Nemimwe mifananidzo yakadai, Jesu akataura shoko kwavari, zvose
sezvavaigona kunzwisisa. 34 Haana kutaura chinhu chimwe kwavari
asingashandisi mufananidzo. Asi paainge ari oga navadzidzi vake,
aivatsanangurira zvose.

### *Jesu Anonyaradza Dutu*

35 Zuva iroro ava madekwana, akati kuvadzidzi vake, “Ngatiyambukirei
kuno rumwe rutivi.” 36 Vakasiya vanhu vazhinji, vakaenda naye mugwa,
sezvaakanga ari. Pakanga pane mamwewo magwa aaiva nawo. 37 Dutu
rinotyisa rakauya, uye mafungu akarova igwa, zvokuti rakanga rava
pedyo nokunyura. 38 Jesu akanga ari mushure megwa, avete pamutsago.
Vadzidzi vake vakamumutsa vakati kwaari, “Mudzidzisi, hamuna hanya
here kana tikanyura?”
39 Akamuka, akarayira mhepo uye akati kumafungu, “Nyarara!
Dzikama!” Ipapo mhepo yakapera uye kukadzikama zvikuru.
40 Akati kuvadzidzi vake, “Munotyireiko zvakadai? Hamusati mava
nokutenda here?”
41 Vakatya uye vakabvunzana vachiti, “Ndianiko uyu? Kunyange mhepo
namafungu zvinomuteerera!”

## 5

### *Kuporeswa kwoMurume Akanga Akabatwa naMadhimoni*

1 Vakayambuka mhiri kwegungwa kunyika yavaGerase. 2 Jesu akati
abuda mugwa, mumwe murume akanga ano mweya wakaipa akauya
achibva kumakuva kuti azosangana naye. 3 Murume uyu aigara ku-
makuva, uye kwakanga kusisina munhu aigona kumusungazve, kunyange
kana nengetani. 4 Nokuti kazhinji aisungwa maoko namakumbo, asi
aidambura ngetani napakati uye achivhuna simbi dzaiva pamakumbo
ake. Hakuna munhu aiva nesimba rokumukunda. 5 Usiku namasikati
aingochema uye achizvicheka-cheka namabwe ari pakati pamakuva uye
nomuzvikomo.
6 Akati aona Jesu achiri chinhambwe, akamhanya akandowira namabvi
ake mberi kwake. 7 Akadanidzira nenzwi riri pamusoro achiti, “Mun-
odeiko kwandiri, Jesu, Mwanakomana waMwari Wokumusoro-soro? Pikai
kuna Mwari kuti hamuzonditambudzi!” 8 Nokuti Jesu akanga ati kwaari,
“Buda mumunhu uyu, iwe mweya wakaipa!”
9 Ipapo Jesu akamubvunza akati, “Zita rako ndiwe ani?”
Akapindura akati, “Zita rangu ndiRegioni, nokuti tiri vazhinji.” 10 Uye
akakumbira akumbirazve kuna Jesu kuti arege kuidzinga kubva munyika
iyo.
11 Boka guru renguruve raifura riri pazvikomo zvaiva pedyo nenzvimbo
iyi. 12 Madhimoni akakumbirisa kuna Jesu akati, “Titumei henyu pakati
penguruve, titenderei henyu kuti tinopinda madziri.” 13 Akaatendera,
uye mweya yakaipa yakabuda ikaenda ikandopinda munguruve. Boka

rinenge zviuru zviviri pakuwanda, rakamhanya richiburukira kumawere
rikapinda mugungwa uye rikanyuramo.
14 Vaya vakanga vachifudza nguruve vakatiza vakandozivisa izvi
muguta nomumaruwa, uye vanhu vakabuda kuti vandoona zvakanga
zvaitika. 15 Vakati vasvika kuna Jesu, vakaona murume uya akanga
akabatwa neRegioni ramadhimoni, agere ipapo, akapfeka uye ava munhu
kwaye; uye vakatya. 16 Vaya vakanga vazviona vakavaudza zvakanga
zvaitika kumunhu akanga ambobatwa namadhimoni, uye vakataura
nezvenguruvewo. 17 Ipapo vanhu vakatanga kukumbira Jesu kuti abve
munyika yavo.
18 Jesu paakanga opinda mugwa, munhu akanga akabatwa namadhi-
moni akakumbira zvikuru kuti aende naye. 19 Jesu haana kumutendera,
asi akati kwaari, "Chienda kumba kumhuri yako undovaudza zvawaitirwa
naShe, uye kuti akunzwira ngoni sei." 20 Saka murume uyu akabva
akaenda uye akatanga kutaura muDhekapori zvinhu zvikuru zvaakanga
aitirwa naJesu. Uye vanhu vose vakashamiswa.

### *Musikana Akanga Afa, noMukadzi Airwara*

21 Jesu akati ayambukazve mhiri negwa kuno rumwe rutivi rwegungwa,
vazhinji zhinji vakaungana vakamukomberedza paakanga ari pagungwa.
22 Ipapo mumwe wavabati vomusinagoge, ainzi Jairosi, akasvikapo.
Paakaona Jesu akawira patsoka dzake 23 uye akamukumbirisa zvikuru
achiti, "Mwanasikana wangu mudiki ava kufa. Ndapota uyai muise maoko
enyu pamusoro pake kuti agoporeswa uye ararame." 24 Saka Jesu akaenda
naye.
Vazhinji zhinji vakatevera vachimanikidzirana. 25 Uye pakanga pano
mukadzi aiva nechirwere chokubuda ropa kwamakore gumi namaviri.
26 Akanga atambudzika zvikuru uye achirapwa navanachiremba vazhinji
uye akanga apedza zvose zvaaiva nazvo, asi pachinzvimbo chokuva nani
akatonyanyisa kurwara. 27 Akati anzwa nezvaJesu, akauya mushure make
mukati mavazhinji uye akabata nguo yake, 28 nokuti akati mumwoyo
make, "Kana ndikangobata nguo dzake, ndichaporeswa." 29 Pakarepo
tsime reropa rake rakapwa uye akanzwa mumuviri wake kuti akanga
asunungurwa kubva pakutambudzika kwake.
30 Pakarepo Jesu akanzwa kuti simba rakanga rabuda maari. Akaten-
deukira kuruzhinji rwavanhu akabvunza achiti, "Ndianiko abata nguo
dzangu?"
31 Vadzidzi vake vakati, "Muri kuona vanhu vachikutsimbirirai, zvino
moti, 'Ndianiko andibata?' "
32 Asi Jesu akaramba achitarisa-tarisa kuti aone kuti ndiani akanga aita
izvozvo. 33 Ipapo mukadzi, achiziva zvakanga zvaitika kwaari, akauya
akawira patsoka dzake, uye achidedera nokutya, akamuudza chokwadi
chose. 34 Iye akati kwaari, "Mwanasikana, kutenda kwako kwakuporesa.
Enda norugare uye usunungurwe pakutambudzika kwako."
35 Jesu achiri kutaura, vamwe varume vakauya vachibva kumba
kwaJairosi, mukuru wesinagoge. Vakati, "Mwanasikana wenyu afa.
Muchanetsereiko mudzidzisi?"
36 Asina hanya nezvavakanga vataura, Jesu akati kumukuru wesinagoge,
"Usatya; tenda bedzi."
37 Haana kutendera mumwe munhu kuti amutevere kunze kwaPetro,
Jakobho naJohani munun'una waJakobho. 38 Vakati vasvika pamba
pomukuru wesinagoge, Jesu akanzwa mheremhere, vanhu vachichema

nokuungudza zvikuru. [39] Akapinda akati kwavari, "Ko, mheremhere
ndeyeiko nokuungudza uku? Mwana haana kufa asi avete." [40] Asi
vakamuseka.
Mushure mokunge avabudisa vose panze, akatora baba namai
vomwana navadzidzi vaakanga anavo, akapinda makanga muno mwana.
[41] Akamubata noruoko akati kwaari, "Tarita kumi!" (zvichireva kuti,
"Musikana, ndinoti kwauri, muka!") [42] Pakarepo musikana akasimuka
akafamba-famba (akanga ana makore gumi namaviri okuberekwa).
Nokuda kwaizvozvi, vakashamiswa zvikuru. [43] Akarayira nokurayira
kukuru kuti parege kuva nomunhu anoziva nezvazvo, uye akavaudza kuti
vamupe zvokudya.

# 6

## *Muprofita Haakudzwi*

[1] Jesu akabva ipapo akaenda kuguta rokwake, vadzidzi vake
vachimutevera. [2] Sabata rakati rasvika, akatanga kudzidzisa musinagoge,
uye vazhinji vakamunzwa vakashamiswa.
Vakabvunza vachiti, "Murume uyu akawanepi zvinhu izvi? Uchenjeri
hupi uhu hwaakapiwa hwokuti anotoita zvishamiso? [3] Ko, haasiye muvezi
here? Ko, haasiye mwanakomana waMaria here nomukoma waJakobho,
Josefa, Judhasi naSimoni? Ko, hanzvadzi dzake hadzisi pano nesu here?"
Uye vakagumburwa naye.
[4] Jesu akati kwavari, "Muprofita haakudzwi muguta romunyika yok-
wake, pakati pehama dzake, nomumba make chete." [5] Haana kugona
kuita zvishamiso zvipi zvazvo imomo, kunze kwokuisa maoko ake
pamusoro pavanhu vashoma vairwara uye nokuvaporesa. [6] Akashamiswa
nokusatenda kwavo.

## *Jesu Anotuma Vane Gumi naVaviri*

Ipapo Jesu akapota nemisha achidzidzisa. [7] Akadana kwaari vane
gumi navaviri akavatuma vari vaviri vaviri uye akavapa simba pamusoro
pemweya yakaipa.
[8] Akavarayira achiti, "Musatora chinhu parwendo kunze kwetsvimbo;
musatora chingwa, kana hombodo, kana mari muzvikwama zvenyu.
[9] Mupfeke shangu asi kwete nguo yechipiri. [10] Pose pamunopinda mumba,
garai imomo kusvikira mabva muguta iroro. [11] Uye kana pane nzvimbo
icharamba kukugamuchirai kana kukuteererai, muzunze guruva retsoka
dzenyu pamunenge mobva, chive chapupu pamusoro pavo."
[12] Vakabuda vakaenda kundoparidza kuti vanhu vatendeuke.
[13] Vakadzinga madhimoni mazhinji uye vakazodza mafuta vanhu vazhinji
vairwara uye vakavaporesa.

## *Johani Mubhabhatidzi Anogurwa Musoro*

[14] Mambo Herodhi akanzwa nezvazvo, nokuti zita raJesu rakanga
rozivikanwa kwazvo. Vamwe vakanga vachiti, "Johani Mubhabhatidzi
akamutswa kubva kuvakafa; uye ndokusaka zviratidzo zvesimba zvichi-
itika."
[15] Vamwe vakati, "NdiEria."
Uye vamwezve vakati, "Ndiye muprofita, akaita somumwe wavaprofita
vekare."
[16] Asi Herodhi akati anzwa izvozvo, akati, "Johani, murume wandak-
agura musoro, akamutswa kubva kuvakafa!"

17 Nokuti Herodhi pachake akanga arayira kuti Johani asungwe, uye
akaita kuti asungwe nengetani uye aiswe mutorongo. Akaita izvi
nokuda kwaHerodhiasi mukadzi womunun'una wake Firipi waakanga
awana. 18 Nokuti Johani akanga ati kuna Herodhi, "Hazvitenderwi kuti
utore mukadzi womunun'una wako." 19 Saka Herodhiasi akachengeta
ruvengo mumwoyo make pamusoro paJohani uye akada kumuuraya.
Asi akanga asingakwanisi kuita izvozvo, 20 nokuti Herodhi aitya Johani
uye akamudzivirira, achimuziva somunhu akanga akarurama uye ari
mutsvene. Herodhi akati anzwa Johani, akakanganisika zvikuru; asi
akanga achifarira kumuteerera.

21 Pakupedzisira mukana wakazovapo. Pazuva rokuberekwa kwake,
Herodhi akaitira vabati vake vakuru, navakuru vamauto uye navarume
vaitungamirira muGarirea mabiko. 22 Mwanasikana waHerodhiasi akati
apinda akatamba, akafadza Herodhi navakanga vakokwa kuzodya.

Mambo akati kumusikana, "Ndikumbire chipi zvacho chaunoda, uye
ndichakupa chinhu ichocho." 23 Uye akamuvimbisa nemhiko achiti,
"Chose chauchakumbira ndichakupa chinhu ichocho, kusvikira pahafu
youmambo hwangu."

24 Akabuda kunze akandoti kuna mai vake, "Ndichakumbireiko?"

Ivo vakati, "Musoro waJohani Mubhabhatidzi."

25 Pakarepo musikana akamhanya akapinda kuna mambo
nechikumbiro akati, "Ndinoda kuti mundipe iye zvino musoro waJohani
Mubhabhatidzi mundiro umu."

26 Mambo akatambudzika zvikuru, asi nokuda kwemhiko yake uye
nokuda kwevaakanga achidya navo, haana kuda kumurambira. 27 Saka
pakarepo akatuma murwi akarayira kuti vauye nomusoro waJohani.
Murume akaenda akandogura musoro waJohani mutorongo, 28 akadzoka
nomusoro wake uri mundiro. Akaupa kumusikana, uye musikana akaupa
kuna mai vake. 29 Vadzidzi vaJohani vakati vanzwa izvi vakauya vakatora
mutumbi wake vakauviga mubwiro.

### *Vanhu Zviuru Zvishanu Vanopiwa Zvokudya naJesu*

30 Vapostori vakaungana pana Jesu vakamuudza zvose zvavakanga
vaita nezvavakanga vadzidzisa. 31 Zvino nokuda kwokuti vanhu vazhinji
vakanga vachingouya nokuenda zvokuti havana kugona kuwana kun-
yange mukana wokudya, akati kwavari, "Handei tose, imi neni chete,
kunzvimbo yakanyarara kuti mumbondozorora."

32 Saka vakaenda voga mugwa kunzvimbo yakanyarara. 33 Asi vazhinji
vakavaona vakavaziva uye vakamhanya netsoka vachibva kumaguta ose
vakavatangira kusvikako. 34 Jesu akati aburuka uye achiona vanhu
vazhinji zhinji, akavanzwira tsitsi, nokuti vakanga vakaita samakwai asina
mufudzi. Saka akatanga kuvadzidzisa zvinhu zvizhinji.

35 Zvino zuva rava kuvira, vadzidzi vake vakauya kwaari, vakati,
"Nzvimbo ino irenje, uye kwava kudoka. 36 Itai kuti vanhu vaende
kumaruwa nemisha yakapoteredza kuti vandozvitengera zvokudya."

37 Asi iye akapindura akati, "Imi vapei zvokudya."

Vakati kwaari, "Izvo zvinotoda muripo womunhu wemwedzi misere!
Ko, tingashandisa mari yakawanda kudaro kutenga chingwa kuti tigovapa
kuti vadye here?"

38 Akati, "Mune zvingwa zvinganiko? Endai mundotarisa."

Vakati vazviona, vakati, "Zvishanu, nehove mbiri."

39 Ipapo Jesu akavarayira kuti vagarise vanhu vose pasi mumapoka
pauswa hunyoro. 40 Saka vakagara pasi mumapoka ane zana uye
neane makumi mashanu. 41 Akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri
uye akatarisa kudenga, akavonga akamedura chingwa. Ipapo akazvipa
kuvadzidzi vake kuti vazvigadzike pamberi pavanhu. Akagoverawo
hove mbiri dziya pakati pavo vose. 42 Vose vakadya vakaguta, 43 uye
vadzidzi vakanonga zvimedu zvezvingwa nehove zvikazara matengu gumi
namaviri. 44 Varume vakanga vadya vaisvika zviuru zvishanu.

### *Jesu Anofamba Pamusoro peMvura*

45 Pakarepo Jesu akaita kuti vadzidzi vake vakwire mugwa uye kuti
vafanotungamira kuBhetisaidha, iye achiri kuendesa vanhu vazhinji.
46 Akati aonekana navo, akakwira mugomo kundonyengetera.
47 Ava madekwana, igwa rakanga rava pakati pegungwa, uye iye
aiva oga kunyika. 48 Akaona vadzidzi vachitambudzika pakukwasva,
nokuti mhepo yaivarova. Nenguva inenge yechina yousiku akaenda
kwavari, achifamba pamusoro pegungwa. Akanga oda kuvapfuura,
49 asi pavakamuona achifamba pamusoro pegungwa, vakafunga kuti aiva
dzangaradzimu. Vakadanidzira, 50 nokuti vose vakamuona vakatya.
Pakarepo akataura kwavari akati, "Tsungai mwoyo! Ndini. Musatya."
51 Ipapo akakwira mugwa navo, uye mhepo ikadzikama. Vakakatyamara
zvikuru, 52 nokuti vakanga vasati vanzwisisa nezvezvingwa, mwoyo yavo
yakanga iri mikukutu.
53 Vakati vayambuka mhiri, vakasvika paGenesareti vakamisa
igwa ipapo. 54 Vakati vachingobuda mugwa, vanhu vakaziva Jesu.
55 Vakamhanya nomunyika iyo yose vakatakura vanorwara pamaponde
vachienda navo kwavakanga vanzwa kuti ndiko kwaari. 56 Uye pose
paakaenda mumisha, mumaguta kana mumaruwa, vakaisa varwere
mumisika. Vakamukumbira kuti avabvumire kubata kunyange
mupendero wejasi rake, uye vose vakamubata vakaporeswa.

# 7

### *Zvakachena neZvisina Kuchena*

1 VaFarisi navamwe vavadzidzisi vomurayiro vakanga vauya
kuJerusarema vakaungana pana Jesu 2 vakaona vamwe vavadzidzi
vake vachidya zvokudya namaoko akanga ane "tsvina," ndiko
kuti, asina kushambwa. 3 VaFarisi navaJudha vose havadyi kunze
kwokunge vamboshamba maoko avo, vachichengeta tsika dzavakuru.
4 Pavanenge vadzoka kumusika, havadyi kunze kwokunge vashamba.
Uye vanocherechedza dzimwe tsika zhinji, dzakadai sokushambidza
mikombe, matende, nemidziyo yokuvirisa mvura.
5 Saka vaFarisi navadzidzisi vomurayiro vakabvunza Jesu vakati, "Seiko
vadzidzi venyu vachirega kurarama zviri maererano netsika dzavakuru,
zvavanodya zvokudya zvavo 'namaoko ane tsvina'?"
6 Akapindura akati, "Isaya akataura zvakanaka paakaprofita pamusoro
penyu imi vanyengeri; sezvazvakanyorwa zvichinzi:
" 'Vanhu ava vanondikudza nemiromo yavo,
asi mwoyo yavo iri kure neni.
7 Vanondinamata pasina;
dzidziso dzavo dzinongova mirayiro inodzidziswa navanhu.'
8 Makasiya mirayiro yaMwari mukachengetedza tsika dzavanhu."

9 Uye akati kwavari, "Mune nzira chaiyo yokuisa parutivi nayo mirayiro
yaMwari kuitira kuti mucherechedze tsika dzenyuwo! 10 Nokuti Mozisi
akati, 'Kudza baba vako namai vako,' uye 'Munhu upi zvake achatuka
baba vake kana mai vake anofanira kuurayiwa.' 11 Asi imi munoti,
kana munhu akati kuna baba kana mai vake, 'Rubatsiro rupi zvarwo
rwamungadaro makagamuchira kubva kwandiri iKobhani' (ndiko kuti,
chipo chakapirwa kuna Mwari), 12 ipapo hamuchamuregi achiitira baba
kana mai vake chinhu chipi zvacho. 13 Nokudaro munoparadza shoko
raMwari nokuda kwetsika dzenyu dzamakachengeta kusvika zvino. Uye
munoita zvinhu zvizhinji zvakadaro."

14 Jesu akadanazve kwaari vanhu vazhinji akati kwavari, "Nditeererei,
imi mose, uye munzwisise izvi. 15 Hakuna chinhu chinobva kunze
'chinosvibisa' munhu nokupinda maari. Asi icho chinobuda mumunhu
ndicho chinoita kuti 'asvibe.' 16 Kana munhu ane nzeve dzokunzwa,
ngaanzwe."

17 Zvino akati abva pavanhu vazhinji uye apinda mumba, vadzidzi vake
vakamubvunza pamusoro pomufananidzo uyu. 18 Akati, "Hamunzwisisi
seiko? Hamuoni kuti hakuna chinhu chinopinda mumunhu chichibva
kunze chinogona 'kumusvibisa'? 19 Nokuti hazvipindi mumwoyo make
asi mudumbu make, uyezve zvichizobuda mumuviri wake." Nokutaura
uku, Jesu akati zvokudya zvose zvakanaka.

20 Akaenderera mberi achiti, "Zvinobuda mumunhu ndizvo zvino-
musvibisa. 21 Nokuti kubva mukati, kubva mumwoyo yavanhu ndimo
munobuda mirangariro yakaipa, upombwe, kuba, kuuraya, ufeve,
22 ruchiva, nouipi, kunyengera, utere, godo, kureva, manyawi noupenzi.
23 Zvakaipa izvozvi zvose zvinobuda kubva mukati uye 'zvinosvibisa
munhu.' "

### *Rutendo rwoMukadzi wokuFonishia*

24 Jesu akabva panzvimbo iyo akaenda pedyo neTire. Akapinda
mumba akasada kuzivikanwa nomunhu; asi akanga asingagoni kuzvi-
vanza. 25 Zvakaitika ndezvokuti, paakangonzwa nezvake, mukadzi aiva
nomwanasikana akanga akabatwa nomweya wetsvina akauya akawira
patsoka dzake. 26 Mukadzi uyu aiva muGiriki, akaberekerwa muFonishia
yomuSiria. Akakumbirisa Jesu kuti adzinge dhimoni mumwanasikana
wake.

27 Jesu akati kwaari, "Vana vanofanira kutanga kudya zvavanoda, nokuti
hazvina kunaka kutora chingwa chavana uchichikandira kumbwa dzavo."

28 Iye akapindura akati, "Hongu Ishe, asi kunyange imbwa dziri pasi
petafura dzinodya zvimedu zvezvokudya zvavana wani."

29 Ipapo akati kwaari, "Nokuda kwemhinduro yakadai, enda hako;
dhimoni rabva pamwanasikana wako."

30 Akadzokera kumba kwake akawana mwana wake avete pamubhedha,
uye dhimoni raenda.

### *Kuporeswa kwoMurume Aiva Matsi neMbeveve*

31 Ipapo Jesu akabva kunzvimbo yeTire akaenda nokuSidhoni, akabu-
rukira kuGungwa reGarirea uye nokudunhu reDhekapori. 32 Ikoko vamwe
vanhu vakauya kwaari nomurume akanga ari matsi uye asingagoni kun-
yatsotaura, uye vakamukumbira kwazvo kuti aise ruoko rwake pamusoro
pomurume uyu.

33 Akati aenda naye parutivi, kure noruzhinji, Jesu akaisa minwe yake
munzeve dzake. Ipapo akapfira mate akabata rurimi rwomurume uya.
34 Akatarisa kudenga uye nokugomera kukuru akati kwaari, "Efata!"
(kureva kuti, "Dziuka!") 35 Pakarepo, nzeve dzomurume uya dzakadziuka,
rurimi rwake rukasunungurwa uye akatanga kutaura zvakanaka.
36 Jesu akavarayira kuti varege kutaurira kana munhu. Asi paakanyanya
kuita izvozvo, ndipo pavakanyanya kutaura nezvazvo. 37 Vanhu
vakashamiswa zvikuru kwazvo. Vakati, "Akaita zvinhu zvose nenzira
yakanaka. Anoita kuti kunyange matsi dzinzwe uye nembeveve dzitaure."

# 8

### *Vanhu Zviuru Zvina Vanopiwa Zvokudya naJesu*

1 Mumazuva iwayo vamwe vanhu vazhinji zhinji vakaunganazve. Sezvo
vakanga vasina zvokudya, Jesu akadana vadzidzi vake kwaari akati,
2 "Ndine urombo kwazvo navanhu ava; atova mazuva matatu vaneni
uye havana chokudya. 3 Kana ndikavaendesa vane nzara kumisha yavo,
vachaziya vakawira pasi nenzara munzira, nokuti vamwe vavo vakabva
kure."
4 Vadzidzi vake vakati, "Asi munhu angawanepiko murenje muno
zvingwa zvavangapiwa vakaguta?"
5 Jesu akati kwavari, "Mune zvingwa zvinganiko?"
Vakati, "Zvinomwe."
6 Akaudza vanhu vazhinji ava kuti vagare pasi. Akati atora zvingwa
zvinomwe uye akavonga, akazvimedura akazvipa kuvadzidzi vake kuti
vaise pamberi pavanhu, uye vakaita saizvozvo. 7 Vakanga vane hove
duku shoma shoma zvakare; uye akavongazve akaudza vadzidzi kuti
vadzigovere kuvanhu. 8 Vanhu vakadya uye vakaguta. Shure kwaizvozvo
vadzidzi vakanonga matengu manomwe azere ezvimedu. 9 Pakanga pane
varume vangangosvika zviuru zvina. Uye akati avaendesa, 10 akapinda
mugwa navadzidzi vake akaenda kudunhu reDharimanuta.
11 VaFarisi vakasvika ndokutanga kubvunza Jesu. Kuti vamuedze,
vakamukumbira chiratidzo chaibva kudenga. 12 Akagomera zvikuru akati,
"Seiko rudzi urwu ruchikumbira chiratidzo? Ndinokuudzai chokwadi,
hakuna chiratidzo chichapiwa kwarwuri." 13 Ipapo akavasiya, akadzokera
mugwa akayambukira kuno rumwe rutivi.

### *Mbiriso yavaFarisi neyaHerodhi*

14 Vadzidzi vakanga vakanganwa kuuya nechingwa, kunze kwechimwe
chete chavakanga vanacho mugwa. 15 Jesu akavayambira achiti, "Chen-
jerai. Ngwarirai mbiriso yavaFarisi neyaHerodhi."
16 Vakataurirana vachiti, "Imhaka yokuti hatina chingwa."
17 Achiziva zvavaitaurirana, Jesu akavabvunza akati, "Seiko muchitaura
pamusoro pokuti hamuna chingwa? Heya, muchigere kuona kana
kunzwisisa nhai? Mwoyo yenyu ichiri mikukutu nhai? 18 Heya, mune
meso asi hamuoni, uye mune nzeve asi hamugoni kunzwa nhai? Uye
hamurangariri here? 19 Pandakamedurira zviuru zvishanu zvavanhu
zvingwa zvishanu, makazadza matengu mangani ezvimedu zvakasara?"
Vakati, "Gumi namaviri." 20 "Uye pandakamedurira zviuru zvina
zvavanhu zvingwa zvinomwe, makazadza matengu mangani ezvimedu?"
Vakapindura vakati, "Manomwe."
21 Akati kwavari, "Hamunzwisisi nazvino here?"

### *Kuporeswa kweBofu paBhetisaidha*

22 Vakasvika kuBhetisaidha, uye vamwe vanhu vakauya nomurume
akanga ari bofu uye vakakumbira zvikuru kuti Jesu amubate. 23 Akabata
murume akanga ari bofu noruoko akamutungamirira kunze kwomusha.
Akati apfira mate pamaziso ake Jesu akaisa maoko ake pamusoro pake,
akamubvunza akati, "Pane zvauri kuona here?"

24 Iye akatarisa kumusoro akati, "Ndinoona vanhu; vanotarisika semiti inofamba-famba."

25 Jesu akaisazve maoko ake pameso omurume uyu. Ipapo meso ake
akasvinudzwa, akadzorerwa kuona kwake, uye akaona zvinhu zvose
zvakanaka. 26 Jesu akamuendesa kumba achiti, "Usapinda mumusha."

### *Petro Anopupura kuti Jesu Ndiye Kristu*

27 Jesu navadzidzi vake vakapfuurira kumisha yakapoteredza Kesaria Firipi. Vari munzira akavabvunza achiti, "Vanhu vanoti ndini aniko?"

28 Vakapindura vakati, "Vamwe vanoti Johani Mubhabhatidzi; vamwe vanoti Eria; vamwezve vanoti mumwe wavaprofita."

29 Iye akati, "Asi imi munoti kudini? Munoti ndini aniko?"

Petro akapindura akati, "Ndimi Kristu."

30 Jesu akavayambira kuti vasaudza munhu nezvake.

### *Jesu Anotaura nezvoKufa Kwake*

31 Akatanga kuvadzidzisa kuti Mwanakomana woMunhu anofanira
kutambudzika pazvinhu zvizhinji uye agorambwa navakuru, vaprista
vakuru navadzidzisi vomurayiro, uye kuti anofanira kuurayiwa, uye shure
kwamazuva matatu agomukazve. 32 Akataura pachena pamusoro pazvo,
uye Petro akaenda naye parutivi akatanga kumutsiura.

33 Asi Jesu akati atendeuka akatarira kuvadzidzi vake, akatsiura Petro achiti, "Enda shure kwangu, Satani! Iwe hauna zvinhu zvaMwari mupfungwa dzako, asi zvinhu zvavanhu."

34 Ipapo akadana vanhu vazhinji kwaari pamwe chete navadzidzi
vake akati, "Kana munhu upi zvake achida kunditevera, anofanira
kuzviramba, atakure muchinjikwa wake agonditevera. 35 Nokuti ani
naani anoda kuponesa upenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi ani naani
anorasikirwa noupenyu hwake nokuda kwangu uye nokuda kwevhangeri
achahuponesa. 36 Munhu achabatsirweiko kana akawana nyika yose,
asi akarasikirwa noupenyu hwake? 37 Kana kuti munhu angaripeiko
kuti adzikinure upenyu hwake? 38 Kana munhu achinyadziswa neni uye
namashoko angu murudzi urwu rwoufeve uye runotadza, Mwanakomana
woMunhu achanyadziswawo naye paanouya mukubwinya kwaBaba nokwavatumwa vatsvene."

## 9

1 Uye akati kwavari, "Ndinokuudzai chokwadi, kuti vamwe vamire pano havazoraviri rufu vasati vaona umambo hwaMwari huchisvika nesimba."

### *Kubwinya kwaJesu*

2 Shure kwamazuva matanhatu, Jesu akatora Petro, Jakobho naJohani
akavatungamirira kugomo refu, kwavakanga vari voga. Akashanduka
ikoko pamberi pavo. 3 Nguo dzake dzakapenya, dzikachena kupfuura
zvingacheneswa nomunhu upi zvake munyika muno. 4 Uye ipapo

pakaonekwa pamberi pavo Eria naMozisi, uye vakanga vachitaurirana
naJesu.
5 Petro akati kuna Jesu, "Rabhi, zvakanaka kuti isu tigare pano.
Ngativakei matumba matatu, rimwe renyu, rimwe raMozisi uye rimwe
raEria." 6 Akashaya zvokutaura, nokuti vakanga votya zvikuru.
7 Ipapo gore rakaonekwa rikavafukidza, uye inzwi rakabuda mugore
rikati, "Uyu ndiye Mwanakomana wangu, wandinoda. Munzwei!"
8 Pakarepo, vakatarisa kwose kwose, uye havana kuzoona munhu aripo
navo kunze kwaJesu.
9 Pavakanga vava kuburuka mugomo, Jesu akavarayira kuti varege
kutaurira kana munhu upi zvake zvavakanga vaona kusvikira Mwanako-
mana woMunhu amuka kubva kuvakafa. 10 Vakachengeta shoko iri
pakati pavo, vachikurukurirana pamusoro pokuti, "kumuka kwavakafa"
kunorevei.
11 Uye vakamubvunza vakati, "Seiko vadzidzisi vomurayiro vachiti Eria
anofanira kutanga kuuya?"
12 Jesu akapindura akati, "Kutaura chokwadi, Eria anofanira kutanga
kuuya, uye agovandudza zvinhu zvose. Zvino kwakanyorerwei kuchinzi
Mwanakomana woMunhu anofanira kutambudzika zvikuru uye ago-
rambwa? 13 Asi ndinoti kwamuri, Eria akauya, uye vakaita kwaari zvinhu
zvose zvavaida, sezvazvakanyorwa pamusoro pake."

### *Kuporeswa kwoMukomana Aiva noMweya Wakaipa*

14 Vakati vasvika kuna vamwe vadzidzi, vakaona vanhu vazhinji
zhinji vakavakomberedza uye vadzidzisi vomurayiro vachiita nharo
navo. 15 Vanhu vose pavakangoona Jesu, vakashamiswa zvikuru uye
vakamhanya kundomukwazisa.
16 Akati, "Muri kuvabvunzeiko?"
17 Mumwe murume aiva pakati pavanhu vazhinji akapindura akati,
"Mudzidzisi, ndauya kwamuri nomwanakomana wangu, akabatwa
nomweya wakamupa umbeveve. 18 Pose pose paunomubata, unomukanda
pasi. Anopupuma furo pamuromo, worumanisa meno ake uye anobva
aoma. Ndakumbira vadzidzi venyu kuti vaudzinge asi havana kugona
kuzviita."
19 Jesu akati, "Haiwa rudzi rusingatendi, ndichagara nemi kusvikira
riniko? Ndichakuitirai mwoyo murefu kusvikira riniko? Uyai nomuko-
mana kwandiri."
20 Saka vakauya naye. Mweya wakati uchiona Jesu, pakarepo wakaw-
isira mukomana pasi ukamubvundisa. Akawira pasi akaumburuka,
achipupuma furo pamuromo.
21 Jesu akabvunza baba vomukomana akati, "Ane nguva yakadii achiita
izvi?"
Vakapindura vakati, "Kubva pauduku hwake. 22 Kazhinji unosimuwisira
mumoto kana mumvura kuti umuuraye. Asi kana muchigona kuita
chinhu, tinzwirei tsitsi mutibatsire."
23 Jesu akati, "Kana muchigona? Zvinhu zvose zvinogoneka kune
anotenda."
24 Pakarepo baba vomukomana vakadanidzira vachiti, "Ndinotenda;
ndibatsirei pakusatenda kwangu!"
25 Jesu akati aona kuti vanhu vazhinji vakanga vomhanyira panzvimbo
iyo, akarayira mweya wakaipa akati, "Iwe mweya woumatsi nomweya
woumbeveve, ndinokurayira, buda maari, uye usazopindazve maari."

[26] Mweya wakadanidzira, ukamubvundisa zvikuru uye ukabuda. Muko-
mana akaita sokunge chitunha zvokuti vazhinji vakati, "Afa." [27] Asi Jesu
akamubata noruoko akamumisa netsoka dzake, uye akakwanisa kumira.
[28] Mushure mokunge Jesu apinda mumba, vadzidzi vake vakamubvunza
vari voga vachiti, "Seiko isu takakundikana kuudzinga?"
[29] Akapindura achiti, "Rudzi urwu runongobva chete nokunyengetera
nokutsanya."
[30] Vakabva panzvimbo iyoyo vakapfuura nomuGarirea. Jesu akanga
asingadi kuti zvizivikanwe nomunhu kuti vaiva kupi, [31] nokuti akanga
achidzidzisa vadzidzi vake. Akati kwavari, "Mwanakomana woMunhu ac-
hazopandukirwa achiiswa mumaoko avanhu. Vachamuuraya, uye shure
kwamazuva matatu achamuka." [32] Asi havana kunzwisisa zvaakanga
achireva uye vakanga vachitya kumubvunza pamusoro pazvo.

### *Mukuru ndiani?*

[33] Vakasvika kuKapenaume. Paakanga ari mumba, akavabvunza
akati, "Manga muchikakavadzana pamusoro peiko munzira?" [34] Asi
vakanyarara nokuti vakanga vakakavadzana vari munzira pamusoro
pokuti mukuru ndiani.
[35] Agara pasi, Jesu akadana vane gumi navaviri akati, "Kana munhu
achida kuva wokutanga, anofanira kuva iye wokupedzisira, uye muranda
wavose."
[36] Akatora mwana muduku akamumisa pakati pavo. Akamubata mu-
maoko ake, akati kwavari, [37] "Ani naani anogamuchira mumwe wavaduku
ava muzita rangu anogamuchira ini; uye ani naani anondigamuchira
haagamuchiri ini asi iye akandituma."

### *Uyo asingatirwisi ndowedu*

[38] Johani akati, "Mudzidzisi, taona munhu achidzinga madhimoni
muzita renyu tikamudzivisa, nokuti anga asiri mumwe wedu."
[39] Jesu akati, "Musamudzivisa. Hakuna munhu anoita chishamiso
muzita rangu angazotaura zvakaipa pamusoro pangu mushure
maizvozvo, [40] nokuti ani naani asingarwisani nesu ndowedu.
[41] Ndinokuudzai chokwadi, ani naani anokupai mukombe wemvura
muzita rangu nokuda kwokuti muri vaKristu zvirokwazvo
haangazorasikirwi nomubayiro wake.

### *Kuita kuti mumwe atadze*

[42] "Uye kana ani naani akaita kuti mumwe wavaduku ava vanotenda
kwandiri atadze, zvingava nani kwaari kuti akandwe mugungwa akasun-
girirwa guyo guru mumutsipa make. [43] Kana ruoko rwako ruchikuita
kuti utadze, rugure. Zviri nani kwauri kuti upinde muupenyu uri
chirema pano kuti upinde mugehena namaoko maviri, uko kune moto
usingadzimwi, [44] umo musingafi honye dzavo uye moto usingadzimwi.
[45] Uye kana rutsoka rwako ruchiita kuti utadze, rugure. Zviri nani kwauri
kupinda muupenyu uri chirema pano kupinda mugehena namakumbo
maviri, [46] umo musingafi honye dzavo uye moto usingadzimwi. [47] Uye
kana ziso rako richiita kuti utadze, ribvise. Zviri nani kwauri kuti upinde
muumambo hwaMwari neziso rimwe chete pano kuti uve namaziso
maviri uye ugokandwa kugehena, [48] uko
" 'kusingafi honye dzavo
uye moto wacho usingadzimwi.'
[49] Munhu wose acharungwa nomoto.

50 “Munyu wakanaka, asi kana warasa kuvava kwawo, mungauita kuti
urungezve here? Ivai nomunyu mukati menyu, uye muve norugare pakati
penyu.”

## 10

### *Kurambana*

1 Uye Jesu akabva panzvimbo iyoyo akaenda munyika yeJudhea uye
akayambuka mhiri kweJorodhani. Vanhu vazhinji vakauyazve kwaari,
uye sezvayakanga iri tsika yake, akavadzidzisa.
2 Vamwe vaFarisi vakauya vakamuedza nokumubvunza vachiti, “Zvino-
tenderwa here kuti munhu arambe mukadzi wake?”
3 Iye akati, “Mozisi akakurayirai kuti kudiniko?”
4 Ivo vakati, “Mozisi akatendera murume kuti anyore tsamba yokuram-
bana uye agomuendesa.”
5 Jesu akapindura akati, “Nokuti mwoyo yenyu yakanga iri mikukutu,
Mozisi akakunyorerai murayiro uyu. 6 Asi kubvira kumavambo okusikwa
kwezvinhu, Mwari ‘akavaita murume nomukadzi.’ 7 Nokuda kwaizvozvi,
murume achasiya baba vake namai vake uye agonamatira kumukadzi
wake, 8 uye vaviri ava vachava nyama imwe. Saka havachisiri vaviri, asi
nyama imwe. 9 Naizvozvo izvo zvabatanidzwa naMwari, munhu ngaarege
kuzviparadzanisa.”
10 Vakati vapindazve mumba, vadzidzi vakabvunza Jesu pamusoro
paizvozvi. 11 Akapindura akati, “Ani naani anoramba mukadzi wake uye
akawana mumwe mukadzi, ava kuita upombwe naye. 12 Uye kana iye
akarambawo murume wake uye akawanikwa nomumwe murume, anoita
upombwe naye.”

### *Jesu naVana Vaduku*

13 Vanhu vakanga vachiuya navana vaduku kuna Jesu kuti avabate, asi
vadzidzi vakavatsiura. 14 Jesu paakazviona, akatsamwa. Akati kwavari,
“Regai vana vaduku vauye kwandiri, uye musavadzivisa, nokuti umambo
hwaMwari ndohwavakadai. 15 Ndinokuudzai chokwadi, ani naani asin-
gagamuchiri umambo hwaMwari somwana muduku haangatongopindi
mahuri.” 16 Ipapo akatora vana akavafungatira mumaoko ake, akaisa
maoko ake pamusoro pavo akavaropafadza.

### *Jaya Mupfumi*

17 Jesu akati achifamba munzira, mumwe murume akamhanyira
kwaari akawira pasi namabvi ake pamberi pake. Akabvunza akati,
“Mudzidzisi akanaka, ndinofanira kuiteiko kuti ndigare nhaka youpenyu
husingaperi?”
18 Jesu akapindura akati, “Unondiidzireiko akanaka? Hakuna munhu
akanaka kunze kwaMwari oga. 19 Mirayiro unoiziva here inoti: ‘Usauraya,
usaita upombwe, usaba, usapupura nhema, usanyengera, kudza baba
vako namai vako.’ ”
20 Iye akati, “Mudzidzisi, izvi zvose ndakazvichengeta kubvira ndichiri
mukomana.”
21 Jesu akamutarira uye akamuda, akati kwaari, “Unoshayiwa chinhu
chimwe chete. Enda undotengesa zvinhu zvose zvaunazvo upe ku-
varombo, ugova nepfuma kudenga. Ipapo ugouya, unditevere.”
22 Anzwa izvi akasuwa kwazvo. Akaenda akasuwa, nokuti akanga ane
pfuma zhinji.

23 Jesu akatarira-tarira ndokuti kuvadzidzi vake, “Zvakaoma sei kuti
mupfumi apinde muumambo hwaMwari!”
24 Vadzidzi vakashamiswa namashoko ake. Asi Jesu akatizve, “Vana,
zvakaoma sei kupinda muumambo hwaMwari! 25 Zviri nyore kuti
ngamera ipinde napaburi retsono pano kuti mupfumi apinde muumambo
hwaMwari.”
26 Vadzidzi vakanyanya kushamiswa, uye vakati pakati pavo, “Zvino
ndianiko angaponeswa?”
27 Jesu akatarisa kwavari akati, “Kumunhu hazvigoneki, asi kwete
naMwari; zvinhu zvose zvinogoneka kuna Mwari.”
28 Petro akati kwaari, “Isu takasiya zvinhu zvose kuti tikuteverei!”
29 Jesu akapindura akati, “Ndinokuudzai chokwadi, hakuna munhu
akasiya musha, kana vanun’una kana hanzvadzi kana mai kana baba
kana vana kana minda nokuda kwangu uye nokuda kwevhangeri
30 achakundikana kugamuchira zvakawanda kakapetwa kazana munguva
ino (misha, vanun’una, hanzvadzi, vanamai, vana neminda, uye pamwe
chete naizvozvo, kutambudzika) uye panguva inouya, upenyu husin-
gaperi. 31 Asi vazhinji vanova vokutanga ndivo vachava vokupedzisira,
uye vokupedzisira vachava vokutanga.”

### *Jesu Anotaurazve nezvoKufa Kwake*

32 Vakanga vari munzira vachikwidza kuenda kuJerusarema, Jesu
achivatungamirira, uye vadzidzi vakakatyamara, asi vaya vakanga va-
chitevera vakanga vachitya. Akatorazve vane gumi navaviri vari voga uye
akavaudza zvaizoitika kwaari. 33 Akati, “Tiri kuenda kuJerusarema, uye
Mwanakomana woMunhu achapandukirwa agoiswa kuvaprista vakuru
navadzidzisi vomurayiro. Vachamutongera rufu uye vachamuisa mu-
maoko eveDzimwe Ndudzi, 34 avo vachamuseka uye vagomupfira mate,
vachamurova uye vagomuuraya. Shure kwamazuva matatu, achamuka.”

### *Chikumbiro chaJakobho naJohani*

35 Ipapo Jakobho naJohani vanakomana vaZebhedhi, vakauya kwaari,
vakati, “Mudzidzisi, tinoda kuti mutiitire zvose zvose zvatinokumbira.”
36 Akavabvunza akati, “Munoda kuti ndikuitireiko?”
37 Vakapindura vakati, “Titenderei kuti mumwe wedu agare ku-
ruoko rwenyu rworudyi uye mumwe kuruboshwe rwenyu mukubwinya
kwenyu.”
38 Jesu akati, “Hamuzivi zvamunokumbira. Mungagona here kunwa
mukombe wandinonwa kana kubhabhatidzwa norubhabhatidzo rwandi-
nobhabhatidzwa narwo?”
39 Vakapindura vakati, “Tinogona.” Jesu akati, “Muchanwa mukombe
wandinonwa uye muchabhabhatidzwa norubhabhatidzo rwandinobhab-
hatidzwa narwo, 40 asi zvokugara kuruoko rwangu rworudyi kana
kuruboshwe handisini ndinozvipa. Nzvimbo idzi ndedzavaya vakadzi-
gadzirirwa.”
41 Vane gumi vakati vanzwa izvi, vakatsamwira Jakobho naJohani.
42 Jesu akavadana pamwe chete akati, “Munoziva kuti vaya vanonzi
vatongi neveDzimwe Ndudzi vanotonga pamusoro pavo, uye vabati
vavo vakuru vanoshandisa simba pamusoro pavo. 43 Hazvina kudaro
pakati penyu. Pachinzvimbo chaizvozvo, ani naani anoda kuva mukuru
pakati penyu anofanira kuva muranda wenyu, 44 uye ani naani anoda
kuva wokutanga anofanira kuva nhapwa yavose. 45 Nokuti kunyange

Mwanakomana woMunhu haana kuuya kuzoshumirwa, asi kuzoshumira
uye nokupa upenyu hwake kuti huve rudzikinuro rwavazhinji.”

### *Bhatimeo Bofu Anosvinudzwa*

46 Ipapo vakasvika kuJeriko. Jesu navadzidzi vake, pamwe chete
navanhu vazhinji, vakati vobuda muguta, Bhatimeo, murume akanga ari
bofu, (ndiye mwanakomana waTimeo), akanga agere parutivi penzira
achipemha. 47 Paakanzwa kuti akanga ari Jesu weNazareta, akatanga
kudanidzira achiti, “Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirei ngoni!”
48 Vazhinji vakamutsiura uye vakamutaurira kuti anyarare, asi
akanyanyisa kudanidzira achiti, “Mwanakomana waDhavhidhi, nd-
inzwirei ngoni!”
49 Jesu akamira akati, “Mudanei.” Saka vakadana murume uya bofu
vakati, “Tsunga mwoyo! Simuka! Anokudana.” 50 Akakanda jasi rake
parutivi, akakwakuka akauya kuna Jesu.
51 Jesu akamubvunza akati, “Unoda kuti ndikuitirei?”

Murume uya bofu akati, “Rabhi, ndinoda kuona.”

52 Jesu akati, “Enda hako, kutenda kwako kwakuporesa.” Pakarepo meso
ake akasvinudzwa uye akatevera Jesu munzira.

# 11

### *Jesu Anopinda muJerusarema saMambo*

1 Pavakanga vava kusvika kuJerusarema uye vasvika kuBhetifage
neBhetani paGomo reMiorivhi, Jesu akatuma vaviri vavadzidzi vake,
2 achiti kwavari, “Endai mumusha wakatarisana nemi. Pamunongopinda
mauri, muchawana mwana wembongoro asina kumbotasvwa nomunhu,
akasungirirwa ipapo. Mumusunungure mugouya naye pano. 3 Kana
mukabvunzwa nomunhu kuti, ‘Seiko muchiita izvi?’ muti kwaari, ‘Ishe
anomuda uye achamudzosa pano nokukurumidza.’ ”
4 Vakaenda vakandowana mwana wembongoro ari kunze munzira
yomumusha, akasungirirwa pamukova. Pavakamusunungura, 5 vamwe
vanhu vakanga vamirepo vakabvunza vakati, “Muri kuitei, muchisunun-
gura mwana wembongoro uyo?” 6 Vakapindura sezvavakanga vaudzwa
naJesu, uye vanhu vakavarega vachienda. 7 Vakauya nembongoro iyi kuna
Jesu vakakanda majasi avo pamusoro payo, iye akagara pairi. 8 Vanhu
vazhinji vakawaridza majasi avo mumigwagwa, vamwe vakawaridza
matavi avakanga vatema musango. 9 Vakanga vari mberi navaya vaitevera
vakadanidzira vachiti:

“Hosana!”

“Akaropafadzwa uyo anouya muzita raShe!”

10 “Hwakaropafadzwa umambo hunouya, hwababa vedu Dhavhidhi!”

“Hosana kumusoro-soro!”

11 Jesu akapinda muJerusarema uye akaenda kutemberi. Akatarisa-
tarisa zvinhu zvose, asi sezvo kwakanga kwadoka, akabuda akaenda
kuBhetani navane gumi navaviri.

### *Jesu Anonatsa Temberi*

12 Fume mangwana pavakanga vobva kuBhetani, Jesu akanzwa nzara.
13 Akaona muonde uri kure una mashizha, akaenda kundoona kana

wakanga une muchero. Akati asvika pauri, haana chaakawana asi
mashizha bedzi, nokuti yakanga isiri nguva yamaonde. 14 Ipapo akati
kumuti, "Ngakurege kuva nomunhu anodya muchero paurizve." Vadzidzi
vake vakamunzwa achidaro.
15 Paakasvika muJerusarema, Jesu akapinda mutemberi akatanga
kudzingira kunze vaya vakanga vachitenga nokutengeserana imomo. Aka-
pidigura tafura dzevaitsinhana mari nezvigaro zvevaitengesa njiva, 16 uye
haana kutendera munhu kutakura zvaitengeswa achipinda nomuchivanze
chete mberi. 17 Uye akavadzidzisa achiti, "Ko, hazvina kunyorwa here kuti:
" 'Imba yangu ichanzi
imba yokunyengetera yendudzi dzose'?
Asi imi maiita 'bako ramakororo.' "
18 Vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro vakazvinzwa ndokubva
vatanga kutsvaka nzira yokumuuraya nayo, nokuti vaimutya, nokuti
vanhu vazhinji vose vaishamiswa nedzidziso yake.
19 Madekwana akati asvika, vakaenda kunze kweguta.

### *Muonde Wakaoma*

20 Mangwanani, pavakanga vachifamba, vakaona muonde wakaoma
kubva kumidzi. 21 Petro akarangarira akati kuna Jesu, "Rabhi, tarirai!
Muonde wamakatuka waoma!"
22 Jesu akapindura akati, "Ivai nokutenda muna Mwari. 23 Ndinokuudzai
chokwadi, kana munhu akati kugomo iri, 'Enda, uzvikande mu-
gungwa,' uye asingakahadziki nazvo mumwoyo make, asi achitenda
kuti zvaareva zvichaitika, achazviitirwa. 24 Naizvozvo ndinoti kwamuri,
zvose zvamunokumbira mukunyengetera, tendai kuti mazvigamuchira,
uye zvichava zvenyu. 25 Uye paunomira uchinyengetera, kana mumwe
munhu akakutadzira, muregerere, kuitira kuti Baba vako vari kudenga
vagokuregerera zvivi zvako. 26 Asi kana usingaregereri, Baba vako vari
kudenga havazoregereri zvivi zvako."

### *Simba raJesu*

27 Vakasvikazve muJerusarema, uye Jesu paaifamba mutemberi,
vaprista vakuru, vadzidzisi vomurayiro navakuru vakauya kwaari.
28 Vakati, "Unoita zvinhu izvi nesimba ripiko? Uye ndiani akakupa simba
rokuita izvi?"
29 Jesu akapindura akati, "Ndichakubvunzai mubvunzo mumwe
chete. Ndipindurei, ndigokuudzai simba randinoita naro zvinhu izvi.
30 Rubhabhatidzo rwaJohani, rwakabva kudenga kana kuti kuvanhu?
Ndiudzei!"
31 Vakataurirana pakati pavo vakati, "Kana tikati, 'Kudenga,' achati,
'Zvino makaregereiko kumutenda?' 32 Asi kana tikati kuvanhu…"
(Vakanga vachitya vanhu, nokuti vanhu vose vaitenda kuti Johani akanga
ari muprofita zvechokwadi.)
33 Saka vakapindura Jesu vachiti, "Hatizivi."
Jesu akati, "Neniwo handikuudzei simba randinoita naro zvinhu izvi."

## 12

### *Mufananidzo waVarimi Vakaipa*

1 Zvino akatanga kutaura navo nemifananidzo achiti, "Mumwe mu-
rume akasima munda wemizambiringa. Akaukomberedza noruzhowa,
akachera gomba rechisviniro chewaini uye akavaka shongwe yokurinda.

Ipapo akauchengetesa kuvarimi akaenda parwendo. 2 Pakukohwa aka-
tuma muranda kumuchengeti womunda kuti andotora kwavari mimwe
michero yomunda wemizambiringa. 3 Asi vakamubata, vakamurova
vakamudzosa asina chinhu. 4 Ipapo akatuma mumwe muranda; vakarova
murume uyu mumusoro vakamunyadzisa zvikuru. 5 Akapamhazve
kutuma mumwe, uye uyo vakamuuraya. Akatuma vamwe vazhinji;
vamwe vavo vakavarova, vamwe vakavauraya.

6 "Akanga asara nomumwe chete wokutuma, mwanakomana, waaida
kwazvo. Akamutuma kwokupedzisira achiti, 'Vacharemekedza mwanako-
mana wangu.'

7 "Asi vachengeti vakataurirana vakati, 'Uyu ndiye mudyi wenhaka.
Uyai, ngatimuurayei, nhaka igova yedu.' 8 Saka vakamutora vakamuu-
raya, vakamurasira kunze kwomunda wemizambiringa.

9 "Zvino muridzi womunda wemizambiringa achaiteiko? Achauya
agouraya vachengeti vaya vomunda agopa munda wemizambiringa kuna
vamwe. 10 Ko, hamuna kuverenga here rugwaro urwu runoti:

" 'Dombo rakarambwa navavaki
ndiro rava musoro wekona;
11 Ishe akaita izvi,
uye zvinoshamisa pamberi pedu'?"

12 Ipapo vakatsvaka nzira yokumusunga nayo nokuti vakaziva kuti
akanga ataura mufananidzo uyu pamusoro pavo. Asi vakanga vachitya
vanhu vazhinji; saka vakamusiya vakaenda.

### *Kuripa Mutero kuna Kesari*

13 Shure kwaizvozvo vakatuma vamwe vavaFarisi navaHerodhi kuna
Jesu kuti vandomubata namashoko ake. 14 Vakauya kwaari vakati,
"Mudzidzisi, tinoziva kuti muri munhu akarurama. Imi hamutsauswi
navanhu, nokuti hamuteereri kuti ndivanaani, asi munodzidzisa nzira
yaMwari zviri maererano nechokwadi. Zvakanaka here kuripa mutero
kuna Kesari kana kuti kwete? 15 Tinofanira kuripa here kana kuti
tinofanira kuregera?"

Asi Jesu achiziva kunyengera kwavo, akati, "Seiko muchiedza kun-
diteya? Ndipei kuno dhenari ndirione." 16 Vakauya nemari yacho, iye
akavabvunza akati, "Mufananidzo uyu ndowani? Uye runyoro urwu
ndorwani?"

Vakapindura vakati, "NdezvaKesari."

17 Ipapo Jesu akati kwavari, "Ipai Kesari zvaKesari uye kuna Mwari
zvaMwari."

Uye vakashamiswa naye.

### *Kuwanana paKumuka kwaVakafa*

18 Ipapo vaSadhusi, vaya vanoti hakuna kumuka kwavakafa, vakauya
kwaari nomubvunzo. 19 Vakati, "Mudzidzisi, Mozisi akatinyorera kuti
kana mukoma womurume akafa uye akasiya mukadzi asina vana,
munun'una wake anofanira kuwana chirikadzi iyi kuti amutsire mukoma
wake vana. 20 Zvino kwakanga kuna vanakomana vomunhu mumwe
chete vanomwe. Wokutanga akawana uye akafa akasasiya vana.
21 Wechipiri akatora chirikadzi iya, asi naiyewo akafa, akasasiya vana.
Ndizvo zvakaitikawo kuno wechitatu. 22 Zviripo ndezvokuti, hakuna

pavanomwe ava akasiya kana mwana. Pakupedzisira mukadzi akazo-
fawo. 23 Pakumuka kwavakafa, achava mukadzi waani, sezvo akanga
akawanikwa navanomwe ava?"
24 Jesu akapindura akati, "Hamuna kurasika here nokuda kwokusaziva
Magwaro kana simba raMwari? 25 Vakafa pavanomuka, havazowani
uye havazowaniswi; vachaita savatumwa vokudenga. 26 Zvino pamusoro
pokumuka kwavakafa, hamuna kuverenga here mubhuku raMozisi,
panhoroondo dzegwenzi raipfuta, kuti Mwari akati kwaari, 'Ndini Mwari
waAbhurahama, Mwari waIsaka, naMwari waJakobho'? 27 Haazi Mwari
wavakafa, asi wavapenyu. Makarasika kwazvo!"

### *Murayiro Mukuru*

28 Mumwe wavadzidzisi vomurayiro akauya akavanzwa vachitaurirana.
Akaona kuti Jesu akanga avapa mhinduro yakanaka, akamubvunza akati,
"Pamirayiro yose, ndoupiko unonyanya kukosha?"
29 Jesu akapindura akati, "Unonyanya kukosha, ndouyu: 'Inzwa, iwe
Israeri, Ishe Mwari wedu, ndiye Ishe mumwe chete. 30 Ida Ishe Mwari
wako nomwoyo wako wose uye nomweya wako wose nokufunga kwako
kwose uye nesimba rako rose.' 31 Wechipiri ndouyu: 'Ida wokwako
sezvaunozvida iwe.' Hakuna murayiro mukuru kupfuura iyi."
32 Murume akapindura akati, "Mapindura zvakanaka, mudzidzisi.
Mataura chokwadi pamataura kuti Mwari ndiye mumwe chete uye
hakuna mumwe kunze kwake. 33 Kumuda nomwoyo wako wose,
nokunzwisisa kwako kwose uye nesimba rako rose, uye kuda wokwako
sezvaunozvida iwe ndizvo zvinonyanya kukosha kupfuura zvipiriso zvose
zvinopiswa, nezvibayiro."
34 Jesu akati aona kuti akanga apindura nokuchenjera, akati kwaari,
"Hausi kure noumambo hwaMwari." Uye kubvira ipapo hakuna munhu
akazotsunga kumubvunza mimwezve mibvunzo.

### *Kristu Mwanakomana Waani?*

35 Jesu paakanga achidzidzisa ari mutemberi, akabvunza akati, "Seiko
vadzidzisi vomurayiro vachiti Kristu mwanakomana waDhavhidhi?
36 Dhavhidhi pachake achitaura noMweya Mutsvene, akati:
" 'Ishe akati kuna She wangu:
"Gara kuruoko rwangu rworudyi
kusvikira ndaisa vavengi vako
pasi petsoka dzako." '
37 Dhavhidhi pachake anomuti 'Ishe.' Zvino anogova mwanakomana wake
seiko?"

Vanhu vazhinji vakateerera kwaari nomufaro.

38 Pakudzidzisa kwake, Jesu akati, "Chenjererai vadzidzisi vomurayiro.
Vanoda kufamba-famba vakapfeka nguo refu uye vachikwaziswa mu-
misika, 39 uye kuti vave nezvigaro zvakakwirira kwazvo mumasina-
goge uye nenzvimbo dzinokudzwa pamabiko. 40 Vanoparadza dzimba
dzechirikadzi uye vanoita minyengetero mirefu kuti vaonekwe navanhu.
Vanhu vakadai vacharangwa zvikuru kwazvo."

### *Chipo cheChirikadzi*

41 Jesu akagara pasi akatarisana nenzvimbo yaiiswa zvipo uye akatari-
sisa vanhu vazhinji vachiisa mari yavo muchivigiro chemari mutemberi.

Vapfumi vazhinji vaikandamo mari zhinji. 42 Asi chirikadzi yakasvika
ikaisamo tumari tuviri tuduku.
43 Jesu akadana vadzidzi vake kwaari, akati, "Ndinokuudzai chokwadi,
chirikadzi murombo iyi yaisa mari zhinji muchivigiro kupfuura vamwe
vose. 44 Vose vapa kubva paupfumi hwavo; asi chirikadzi iyi yapa, ichitora
pakushayiwa kwayo, yaisa zvose zvayanga ichifanira kurarama nazvo."

# 13

### *Zviratidzo zvaMazuva Okupedzisira*

1 Paakanga ava kubuda mutemberi, mumwe wavadzidzi vake akati,
"Mudzidzisi, tarirai kukura kwakaita matombo! Iko kunaka kwedzimba!"
2 Jesu akapindura akati, "Uri kuona dzimba huru dzose idzi? Hapana
ibwe pano richasiyiwa riri pamusoro perimwe; ose achawisirwa pasi."
3 Jesu paakanga agere paGomo reMiorivhi pakatarisana netemberi,
Petro, Jakobho, Johani naAndirea vakamubvunza vari voga vakati,
4 "Tiudzei, kuti zvinhu izvi zvichaitika rini? Uye chii chichava chiratidzo
chokuti zvose zvava pedyo nokuzozadziswa?"
5 Jesu akati kwavari, "Chenjerai kuti kurege kuva nomunhu anokutsau-
sai. 6 Vazhinji vachauya muzita rangu, vachiti, 'Ndini iye,' uye vachatsausa
vazhinji. 7 Pamunonzwa nezvehondo uye neguhu rehondo, musavhun-
duka. Zvinhu zvakadaro zvinofanira kuitika, asi kuguma kuchazosvika
hako. 8 Rudzi ruchamukira rumwe rudzi, uye ushe huchamukira humwe
ushe. Pachava nokudengenyeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-
siyana, uye nenzara. Izvi ndizvo zvichava kutanga kwamarwadzo
okusununguka.
9 "Munofanira kugara makarinda. Muchaendeswa kumatare mugoro-
hwa mumasinagoge avo. Muchamira pamberi pavabati napamberi
pamadzimambo nokuda kwangu, sezvapupu kwavari. 10 Uye vhangeri
rinofanira kuparidzwa kundudzi dzose. 11 Pose pamunenge masungwa
uye mamiswa pakutongwa, musatanga kufunganya pamusoro pezva-
muchataura. Taurai zvose zvose zvamunenge mapiwa panguva iyoyo,
nokuti hamusimi munotaura, asi Mweya Mutsvene.
12 "Mukoma achaurayisa munun'una, uye baba vachadarowo mwana
wavo. Vana vachamukira vabereki vavo uye vachavaurayisa. 13 Vanhu
vose vachakuvengai nokuda kwangu, asi uyo anotsungirira kusvikira
kumagumo achaponeswa.
14 "Pamunenge moona nyangadzi yokuparadza yamira paisingafaniri,
anoverenga ngaanzwisise, ipapo vari muJudhea ngavatizire kumakomo.
15 Ari pamusoro pedenga reimba ngaarege kuburuka kana kupinda
mumba kuti abudise chinhu chipi zvacho chiri mumba. 16 Munhu ari
kumunda ngaarege kudzokera kumba kuti andotora jasi rake. 17 Zvichava
zvinotyisa zvakadiniko kuvakadzi vane mimba navanoyamwiswa mu-
mazuva iwayo! 18 Nyengeterai kuti izvi zvirege kuitika munguva
yechando, 19 nokuti ayo achava mazuva okutambudzika asina kumbo-
vapo kubva pakutanga, Mwari paakasika nyika, kusvikira zvino, uye
haachazombovapozve. 20 Dai Ishe akanga asina kutapudza mazuva
iwayo, hakuna munhu airarama. Asi nokuda kwavasanangurwa, avo
vaakasarudza, akaatapudza hake. 21 Panguva iyo kana munhu akati kwa-
muri, 'Tarirai, houno Kristu!' kana kuti, 'Tarirai, uyo ari apo!' musazvi-
tenda. 22 Nokuti vanaKristu venhema navaprofita venhema vachaonekwa

uye vachaita zviratidzo nezvishamiso kuti vatsause vatsvene, kana
zvaigoneka. 23 Saka mugare makarinda; ndagara ndakuudzai zvinhu
zvose zvisati zvaitika.
24 "Asi mumazuva iwayo, shure kwokutambudzika ikoko,
" 'zuva richasvibiswa,
uye mwedzi hauchazovhenekeri;
25 nyeredzi dzichawa kudenga,
uye masimba okudenga achadengenyeka.'
26 "Panguva iyoyo vanhu vachaona Mwanakomana woMunhu achiuya
ari mumakore nesimba guru uye nokubwinya. 27 Uye achatuma va-
tumwa vake, vagounganidza vasanangurwa kubva kumhepo ina, kubva
kumagumo enyika kusvikira kumigumo yamatenga.
28 "Zvino dzidzai chidzidzo ichi kubva pamuonde: Paunongotanga kuva
namatavi manyoro uye mashizha awo otungira, munoziva kuti zhizha
rava pedyo. 29 Naizvozvo kana moona zvinhu izvi zvoitika, zivai kuti
ava pedyo, atova pamukova. 30 Ndinokuudzai chokwadi, zvirokwazvo
rudzi urwu harungapfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvaitika. 31 Denga
nenyika zvichapfuura, asi mashoko angu haangatongopfuuri.

*Zuva neNguva Hazvizivikanwi*

32 "Hakuna munhu anoziva nezvezuva iro kana nguva iyo, kunyange
vatumwa kudenga, kana Mwanakomana, asi Baba voga. 33 Rindai!
Svinurai! Hamuzivi kuti nguva iyo inosvika rini. 34 Zvakaita somunhu
anoenda kure: Anosiya imba yake akaichengetesa varanda vake, mumwe
nomumwe pabasa rake, uye agoudza ari pamukova kuti agare akarinda.
35 "Naizvozvo rindai nokuti hamuzivi musi unouya muridzi weimba,
zvimwe madekwana, kana usiku, kana pakurira kwejongwe, kana mam-
bakwedza. 36 Kana akakurumidza kuuya, musamurega achikuwanai
muvete. 37 Zvandinotaura kwamuri, ndinozvitaura kuvanhu vose ndichiti,
'Rindai!' "

# 14

*Jesu Anozodzwa paBhetani*

1 Zvino kwakanga kwangosara mazuva maviri kuti Pasika noMutambo
weChingwa Chisina Mbiriso zviitwe, uye vaprista vakuru navadzidzisi
vomurayiro vakanga vachitsvaka nzira yokuti vasunge Jesu nayo uye
vamuuraye. 2 Vakati, "Asi kwete panguva yoMutambo, nokuti vanhu
vangangoita bope."
3 Uye paakanga ari muBhetani, agere pakudya mumba momumwe
murume ainzi Simoni waMaperembudzi, mumwe mukadzi akauya nech-
inu chamafuta chearabhasita, mafuta anokosha kwazvo, akanga akaitwa
nenaridhi yakaisvonaka. Akazarura chinu akadururira mafuta mumusoro
wake.
4 Vamwe vakanga varipo pakati pavo vakatsamwa vakati, "Seiko
vachitambisa mafuta aya kudai? 5 Angadai atengeswa nomutengo uno
mubayiro unopfuura wegore rose, uye mari yacho yapiwa kuvarombo."
Uye vakatsiura mukadzi uyu nehasha.
6 Jesu akati kwavari, "Musiyei akadaro. Munomunetsereiko? Aita
chinhu chakanaka kwandiri. 7 Varombo munavo nguva dzose, uye
munogona kuvabatsira panguva ipi zvayo yamunoda. Asi hamuzogari
muneni nguva dzose. 8 Aita zvaanogona. Adururira mafuta anonhuhwira

pamuviri wangu nguva isati yasvika, kuti agadzirire kuvigwa kwangu.
9 Ndinokuudzai chokwadi, kwose kunozoparidzwa vhangeri panyika yose,
zvaaita izvi zvicharehwawo, vanhu vachimurangarira nazvo."

10 Ipapo Judhasi Iskarioti, mumwe wavane gumi navaviri, akaenda
kuvaprista vakuru kuti andotengesa Jesu kwavari. 11 Vakafara kunzwa
izvi uye vakavimbisa kumupa mari. Saka akamirira mukana wokumuisa
kwavari.

### *Chirariro chaShe*

12 Pazuva rokutanga roMutambo weChingwa Chisina Mbiriso,
zvayakanga iri tsika yavo yokubayira gwayana rePasika, vadzidzi
vaJesu vakamubvunza vakati, "Munoda kuti tiende kupi
kwatingandokugadzirirai Pasika kuti mudye?"

13 Saka akatuma vadzidzi vake vaviri akati kwavari, "Endai muguta, uye
muchasangana nomurume akatakura chirongo chemvura. Mumutevere.
14 Muti kumwene weimba yaanopinda mairi, 'Mudzidzisi anobvunza
kuti: Imba yangu yavaeni, mandingadyira Pasika navadzidzi vangu
ndeipiko?' 15 Achakuratidzai imba huru yapamusoro, yakatorongedzwa
uye yakagadzirwa. Mutigadzirire imomo."

16 Vadzidzi vakabva, vakapinda muguta vakawana zvinhu zvakaita
sezvavakanga vaudzwa naJesu. Saka vakagadzira Pasika.

17 Ava madekwana, Jesu akasvika navane gumi navaviri. 18 Vakati
vagere pakudya, akati, "Ndinokuudzai chokwadi, mumwe wenyu achandi-
pandukira, mumwe ari kudya neni."

19 Vakasuwiswa nazvo, mumwe nomumwe akati kwaari, "Zvirokwazvo,
kwete ini?"

20 Iye akapindura akati, "Ndomumwe wavane gumi navaviri, iye
anoseva chingwa chake mundiro neni. 21 Mwanakomana woMunhu
achaenda hake sezvazvakanyorwa pamusoro pake. Asi ane nhamo munhu
uyo anopandukira Mwanakomana woMunhu! Zvaiva nani kwaari dai
akanga asina kuzvarwa."

22 Vakati vari pakudya, Jesu akatora chingwa, akavonga uye akachime-
dura, akapa vadzidzi vake achiti, "Torai mudye, uyu ndiwo muviri
wangu."

23 Ipapo akatora mukombe, akavonga akaupa kwavari, uye vose
vakanwa pauri.

24 Akati kwavari, "Iri ndiro ropa rangu resungano, rinodururirwa
vazhinji. 25 Ndinokuudzai chokwadi kuti handichazonwizve chibereko
chomuzambiringa kusvikira pazuva randichazochinwa zvava zvitsva
muumambo hwaMwari."

26 Vakati vaimba rwiyo, vakabuda vakaenda kuGomo reMiorivhi.

### *Jesu Anotaura nezvoKurambwa Kwake naPetro*

27 Jesu akati kwavari, "Imi mose muchapararira, nokuti kwakanyorwa
kuchinzi:

" 'Ndicharova mufudzi,
makwai agopararira.'

28 Asi mushure mokumuka kwangu, ndichatungamira kuGarirea imi
mozotevera."

29 Petro akati, "Kunyange dai vose vakakurambai, ini kwete."

30 Jesu akapindura akati, "Ndinokuudza chokwadi, nhasi, manheru ano
chaiwo, jongwe risati rarira kaviri, iwe pachako uchandiramba katatu."

31 Asi Petro akaramba akasimbisisa achiti, “Kunyange dai ndichifanira
kufa nemi, handizombokurambai.” Uye vamwe vose vakadarowo.

### *Getsemani*

32 Vakaenda kunzvimbo inonzi Getsemani, Jesu akati kuvadzidzi vake,
“Garai pano, ini ndichambondonyengetera.” 33 Akatora Petro, Jakobho
naJohani pamwe chete naye, akatanga kushungurudzika zvikuru uye
akatambudzika. 34 Akati, “Mweya wangu wazara neshungu kwazvo
kusvikira pakufa. Garai pano uye murambe makarinda.”
35 Akati aenda chinhambwe zvishoma, akawira pasi akanyengetera kuti
kana zvichibvira nguva iyi ipfuure, ibve kwaari. 36 Akati, “Abha, Baba,
zvinhu zvose zvinogoneka kwamuri. Bvisai mukombe uyu kwandiri. Asi
kwete kuda kwangu, asi kuda kwenyu.”
37 Ipapo akadzokazve kuvadzidzi vake akavawana vavete. Akati kuna
Petro, “Simoni, wavata here? Hauna kugona kurinda kweawa imwe chete
here? 38 Rindai munyengetere kuti murege kuwira mumuedzo. Mweya
unoda hawo, asi muviri hauna simba.”
39 Akaendazve kundonyengetera zvimwe chetezvo. 40 Paakadzoka,
akawanazve vavete, nokuti meso avo akanga aremerwa nehope. Havana
kuziva chokutaura kwaari.
41 Achidzokerazve kechitatu akati kwavari, “Muchakavata uye muchiri
kuzorora here? Zvaringana! Nguva yasvika. Tarirai, Mwanakomana
woMunhu oiswa mumaoko avatadzi. 42 Simukai! Ngatiendei! Hoyo
mutengesi wangu ouya!”

### *Jesu Anosungwa*

43 Achiri kutaura, Judhasi Iskarioti, mumwe wavane gumi navaviri,
akaonekwa. Akanga ana vanhu vazhinji vakapakata minondo netsvimbo,
vatumwa navaprista vakuru, vadzidzisi vomurayiro, uye navakuru.
44 Zvino mutengesi akanga aronga navo chiratidzo achiti, “Munhu
wandichatsvoda ndiye wacho; mumusunge mugoenda naye navarindi.”
45 Paakangosvika, Judhasi akaenda kuna Jesu, akati, “Rabhi!” ndoku-
mutsvoda. 46 Vanhu vakabata Jesu vakamusunga. 47 Ipapo mumwe akanga
amire pedyo akavhomora munondo wake akatema muranda womuprista
mukuru, akagura nzeve yake.
48 Jesu akati, “Ko, ndiri kutungamirira vapanduki here zvamauya
neminondo netsvimbo kuti muzondibata? 49 Mazuva ose ndaiva nemi,
ndichidzidzisa mutemberi, uye hamuna kundisunga. Asi Magwaro
anofanira kuzadziswa.” 50 Ipapo vose vakamusiya vakatiza.
51 Rimwe jaya, rakanga rakapfeka nguo yakaisvonaka, rakanga richitev-
era Jesu. Vakati varibata, 52 rakatiza risina kupfeka, rikasiya nguo yaro
mumashure.

### *Jesu Pamberi peDare Guru*

53 Vakaenda naJesu kumuprista mukuru, uye vamwe vaprista vose
vakuru navadzidzisi vomurayiro vakaungana pamwe chete. 54 Petro
akamutevera ari nechokure, kusvikira apinda muruvazhe rwomuprista
mukuru. Akagara navarindi achidziya moto.
55 Vaprista vakuru namakurukota ose vakanga vachitsvaka chavangapa
Jesu mhosva nacho kuitira kuti vagomuuraya, asi havana kuwana
chinhu. 56 Vazhinji vakamupupurira nhema, asi uchapupu hwavo hahuna
kupindirana.

57 Ipapo vamwe vakasimuka vakapa uchapupu hwenhema uhu pamu-
soro pake vachiti, 58 “Takamunzwa achiti, ‘Ndichaparadza temberi iyi
yakavakwa navanhu uye shure kwamazuva matatu ndichavaka imwe,
isina kuitwa navanhu.’ ” 59 Kunyange ipapozve uchapupu hwavo hahuna
kupindirana.

60 Ipapo muprista mukuru akamira pamberi pavo akabvunza Jesu
achiti, “Ko, haupinduri here? Uchapupu hwaunopomerwa navanhu ava
ndohweiko?” 61 Asi Jesu akaramba anyerere akasapindura.

Muprista mukuru akamubvunzazve achiti, “Ndiwe Kristu here,
Mwanakomana waIye Akaropafadzwa?”

62 Jesu akati, “Ndini. Uye muchaona Mwanakomana woMunhu agere
kuruoko rworudyi rwaIye Wamasimba achiuya ari pamakore okudenga.”

63 Muprista mukuru akabvarura nguo dzake, akati, “Tichatsvakireiko
zvimwe zvapupu? 64 Manzwa kumhura kwake. Munofungeiko?”

Vose vakamutonga vachiti aifanira kufa. 65 Ipapo vamwe vakatanga
kumupfira mate; vakamusunga kumeso, vakamurova nezvibhakera, va-
chiti, “Profita!” Uye varindi vakamutora vakamurova.

### *Petro Anoramba Jesu*

66 Petro paakanga achiri muruvazhe, mumwe musikana, murandakadzi
womuprista mukuru akasvikapo. 67 Akati aona Petro achidziya moto
akamucherechedza.

Akati kwaari, “Newewo wakanga una Jesu, weNazareta.”

68 Asi iye akaramba akati, “Handizivi kana kunzwisisa zvaunoreva.”
Akabuda akandomira pamukova wokupinda nawo.

69 Akati aonekwazve nomusikana uyu aiva murandakadzi, musikana
akatizve kuna avo vakanga vamirepo, “Munhu uyu ndomumwe wavo.”
70 Iye akarambazve izvozvo.

Mushure menguva pfupi, vaya vakanga vamirepo vakati kuna Petro,
“Chokwadi, iwe uri mumwe wavo, nokuti uri muGarirea.”

71 Akatanga kutuka nokupika achiti, “Handizivi munhu uyu wamuno-
taura nezvake.”

72 Pakarepo jongwe rakarira kechipiri. Ipapo Petro akarangarira
shoko raJesu raakanga ataura kwaari achiti, “Jongwe risati rarira kaviri
uchandiramba katatu.” Akawira pasi uye akachema.

# 15

### *Jesu Pamberi paPirato*

1 Mangwanani-ngwanani, vaprista vakuru navakuru, vadzidzisi vomu-
rayiro uye neDare Guru rose, vakaita sarudzo. Vakasunga Jesu, vakaenda
naye vakandomuisa mumaoko aPirato.

2 Pirato akamubvunza akati, “Ndiwe mambo wavaJudha here?” Jesu
akapindura akati, “Hongu, ndizvo sokutaura kwamaita.”

3 Vaprista vakuru vakamupomera zvinhu zvizhinji kwazvo. 4 Saka Pirato
akabvunzazve akati, “Ko, haupinduri here? Tarira kuwanda kwezvinhu
zvavanokupomera.”

5 Asi Jesu haana kupindura, uye Pirato akashamiswa nazvo.

6 Zvino yakanga iri tsika yapaMutambo kuti asunungure musungwa
anenge akumbirwa navanhu. 7 Murume ainzi Bharabhasi akanga ari
mutorongo pamwe chete navamwe vakanga vamutsa bope vakauraya

munhu. 8 Vanhu vazhinji vakauya vakakumbira Pirato kuti avaitire
zvaaisiita.
9 Pirato akabvunza akati, “Munoda kuti ndikusunungurirei mambo
wavaJudha here?” 10 achiziva kuti zvaingova zvegodo ravaprista vakuru
kuti vakaisa Jesu mumaoko ake. 11 Asi vaprista vakuru vakamutsa mwoyo
yavazhinji kuti vaite kuti Pirato asunungure Bharabhasi pachinzvimbo
chaJesu.
12 Pirato akabvunza akati, “Ndichaiteiko, zvino, nouyo wamunoti
mambo wavaJudha?”
13 Vakadanidzira vachiti, “Murovererei pamuchinjikwa!”
14 Pirato akavabvunza akati, “Nemhaka yeiko? Akapara mhosva yeiko?”
Asi vakanyanya kudanidzira vachiti, “Murovererei pamuchinjikwa!”
15 Achida kufadza vanhu, Pirato akasunungura Bharabhasi. Akaita kuti
Jesu arohwe, uye akamuendesa kuti andorovererwa.

### *Varwi Vanodadira Jesu*

16 Varwi vakatora Jesu vakapinda naye mumuzinda, Piritoriamu, uye
vakaunganidza pamwe chete boka rose ravarwi. 17 Vakamupfekedza
nguo dzepepuru, ipapo vakamurukira korona yeminzwa vakaigadzika
pamusoro wake. 18 Uye vakatanga kudanidzira kwaari vachiti, “Kwazi-
waika, mambo wavaJudha!” 19 Vakaramba vachingomurova mumusoro
netsvimbo uye vachimupfira mate. Vachipfugama namabvi avo, vakaita
savanomunamata. 20 Uye vakati vamudadira, vakabvisa nguo yepepuru
vakamupfekedza dzake. Ipapo vakabuda naye kundomuroverera pa-
muchinjikwa.

### *Kurovererwa*

21 Mumwe murume aibva kuKurini, Simoni baba vaArekizanda naR-
ufasi, akanga achipfuura achibva kumaruwa, vakamumanikidza kuti
atakure muchinjikwa. 22 Vakaenda naJesu kunzvimbo yainzi Goro-
gota (kureva kuti Nzvimbo yeDehenya). 23 Ipapo vakamupa waini
yakavhenganiswa nemura, asi haana kuinwa. 24 Uye vakamuroverera
pamuchinjikwa. Vakagovana nguo dzake, vakakanda mijenya kuti vaone
kuti mumwe nomumwe angawanei.
25 Yakanga iri nguva yechitatu pavakamuroverera. 26 Zvakanga zvakany-
orwa pamusoro pake zvaiti: MAMBO WAVAJUDHA. 27 Vakamuroverera
pamwe chete namakororo maviri, mumwe kurudyi uye mumwe kuru-
boshwe. 28 Uye rugwaro rwakazadziswa runoti, “Akaverengwa pamwe
chete navadariki.” 29 Vaya vakanga vachipfuura vaimutuka, vachidzun-
gudza misoro yavo vachiti, “Saka! Iwe uri kuzoputsa temberi nokuivaka
mumazuva matatu, 30 chiburuka pamuchinjikwa uzviponese!”
31 Nenzira imwe cheteyo vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro vaka-
museka pakati pavo, vakati, “Akaponesa vamwe, asi haagoni kuzviponesa!
32 Kristu uyu, Mambo wavaIsraeri uyu, ngaaburuke iye zvino pamuchin-
jikwa, kuti tione tigotenda.” Navaya vakanga vakarovererwa pamwe chete
naye vakamutukawo.

### *Kufa kwaJesu*

33 Nenguva yechitanhatu rima rakauya pamusoro penyika yose
kusvikira panguva yepfumbamwe. 34 Uye panguva yepfumbamwe,
Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Eroi, Eroi, rama sabhakitani?”
zvinoreva kuti “Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?”

35 Vaya vakanga vamire pedyo vakati vanzwa izvi, vakati, “Inzwai, ari
kudana Eria.”
36 Mumwe murume akamhanya, akazadza chipanje newaini yaivava,
akachiisa parutanda, akachipa kuna Jesu kuti anwe, akati “Zvino musiyei
akadaro. Regai tione kana Eria achiuya kuzomuburutsa.”
37 Ipapo Jesu akadanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake.
38 Chidzitiro chapatemberi chakabvaruka napakati kubva kumusoro
kusvikira pasi. 39 Uye mukuru wezana, akanga amirepo, pamberi
paJesu, akati anzwa kudanidzira kwake uye aona mafiro aakaita, akati,
“Zvirokwazvo murume uyu anga ari Mwanakomana waMwari!”
40 Vamwe vakadzi vakanga vachitarira vari kure. Pakati pavo
paiva naMaria Magadharena, Maria mai vaJakobho, munun’una waJos-
esi, naSarome. 41 Vakadzi ava vomuGarirea ndivo vaimutevera uye
vachimushandira. Vakadzi vazhinji vakanga vauya naye kuJerusarema
vakanga varipowo.

### *Kuvigwa kwaJesu*

42 Rakanga riri Zuva roKugadzirira (ndiro rinotangira Sabata.) Saka
kwovira, 43 Josefa weArimatea, nhengo yeDare Guru yaiva nomuku-
rumbira, uyo akanga akamirirawo umambo hwaMwari, akatsunga
kuenda kuna Pirato kundokumbira mutumbi waJesu. 44 Pirato
akashamiswa kunzwa kuti akanga atofa. Akatuma mukuru wezana,
akamubvunza kana Jesu akanga afa. 45 Akati anzwa kubva kumukuru
wezana kuti zvakanga zviri izvo, akapa mutumbi kuna Josefa. 46 Saka
akauya nemimwe micheka, akaburutsa mutumbi, akauputira nomucheka,
akauisa muguva rakanga rakacherwa paruware. Ipapo akakungurutsira
ibwe pamuromo weguva. 47 Maria Magadharena naMaria mai vaJosesi
vakaona paakavigwa.

## 16

### *Kumuka*

1 Sabata rakati rapfuura, Maria Magadharena, Maria mai vaJakobho,
naSarome vakatenga zvinonhuhwira kuti vagondozodza mutumbi wa-
Jesu. 2 Mangwanani-ngwanani pazuva rokutanga revhiki, zuva risati
rabuda, vakanga vapinda munzira, 3 uye vakabvunzana vachiti, “Ndianiko
achatikungurutsira ibwe pamukova weguva?”
4 Asi vakati vatarira, vakaona kuti ibwe rakanga rakungurutswa.
5 Pavakapinda muguva, vakaona jaya rakapfeka nguo chena rakagara
kuruoko rworudyi, uye vakavhunduka.
6 Iye akati, “Musavhunduka. Muri kutsvaka Jesu weNazareta, uya
akarovererwa pamuchinjikwa. Amuka! Haapo pano. Tarisai pavakanga
vamuisa. 7 Asi chiendai mundoudza vadzidzi vake naPetro, kuti, ‘Afan-
otungamira kuGarirea. Muchandomuona ikoko sezvaakakuudzai.’ ”
8 Vachibvunda uye vachishamiswa, vakabuda vakatiza kubva muguva.
Havana chavakataura kuno munhu, nokuti vakanga vachitya.
9 Jesu akati amuka mangwanani nezuva rokutanga revhiki, akatanga
kuzviratidza kuna Maria Magadharena, uya waakanga abudisa kubva
maari mweya yakaipa minomwe. 10 Akaenda akandoudza vaya vaimbova
naye, vakanga vachiungudza uye vachichema. 11 Vakati vanzwa kuti Jesu
akanga ari mupenyu, uye kuti Maria akanga amuona, havana kuzvitenda.

[12] Shure kwaizvozvo Jesu akaonekwazve neimwe nzira navaviri vavo
pavakanga vachifamba kuruwa. [13] Ava vakadzoka vakandozivisa
vakasara; asi naivowo havana kuvatenda.
[14] Mushure maizvozvo Jesu akazviratidza kuna vane gumi nomumwe pavakanga vachidya; akavatsiura pamusoro pokusatenda kwavo uye nokusindimara kwemwoyo yavo pakuramba kutenda vaya vakanga vamuona mushure mokumuka kwake.
[15] Akati kwavari, "Endai munyika yose muparidze vhangeri kuzvisikwa
zvose. [16] Ani naani anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa, asi
asingatendi achatongwa. [17] Uye zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda:
Vachadzinga mweya yakaipa muzita rangu, vachataura nendimi itsva;
[18] vachabata nyoka namaoko avo, uye kunyange vakanwa muchetura
unouraya haungavakuvadzi napaduku; vachaisa maoko avo pamusoro
pavarwere, uye vachapora."
[19] Mushure mokunge Ishe Jesu ataura kwavari, akatorwa akakwidzwa
kudenga uye akandogara kuruoko rworudyi rwaMwari. [20] Ipapo vadzidzi
vakabuda vakandoparidza kwose kwose, uye Ishe akashanda navo,
akasimbisa shoko rake nezviratidzo zvakatevera.

# RUKA

*Nhungamidzo*

1 Vazhinji vakaedza kurondedzera nhoroondo dzezvinhu zvakaitika
pakati pedu, 2 sokuturirwa kwazvakaitwa kwatiri neavo vakazviona kubva
pakutanga naivozve vari varanda veshoko. 3 Naizvozvo, sezvo neniwo
ndakanyatsoongorora zvose kubva pakutanga, ndakati zvakanakawo kuti
ndikunyorerei imi Tiofiro mune mukurumbira, nhoroondo ndichiny-
atsotevedzanisa, 4 kuitira kuti mugoziva chokwadi chezvinhu zva-
makadzidziswa.

*Kuberekwa kwaJohani Mubhabhatidzi Kunoziviswa*

5 Panguva yaHerodhi mambo weJudhea kwakanga kuno muprista
ainzi Zekaria, akanga ari weboka rouprista hwaAbhija; mukadzi wake
Erizabheti akanga ari chizvarwa chaAroni. 6 Vose vakanga vakarurama
pamberi paMwari, vachichengeta mirayiro yaShe yose nezvaakatema,
vasina zvavangapomerwa. 7 Asi vakanga vasina vana, nokuti Erizabheti
akanga asingabereki; uye vose vari vaviri vakanga vachembera kwazvo.

8 Mumwe musi Zekaria akati ari pabasa reboka rake achibata
somuprista pamberi paMwari, 9 akasarudzwa nomujenya, maererano
netsika youprista, kuti aende andopisa zvinonhuhwira mutemberi yaShe.
10 Uye nguva yokupisa zvinonhuhwira yakati yasvika, vanamati vose
vakaungana panze vachinyengetera.

11 Ipapo mutumwa waShe akazviratidza kwaari, akamira kurutivi
rworudyi rwearitari yezvinonhuhwira. 12 Zekaria akati achimuona,
akavhunduka uye akabatwa nokutya. 13 Asi mutumwa akati kwaari, "Us-
atya, Zekaria; munyengetero wako wanzwikwa. Mukadzi wako Erizabheti
achakuberekera mwanakomana, uye unofanira kumutumidza zita rokuti
Johani. 14 Achava mufaro nokufarisisa kwamuri, uye vazhinji vachafara
nokuda kwokuberekwa kwake, 15 nokuti achava mukuru pamberi paShe.
Haafaniri kutongonwa waini kana zvinonwiwa zvose zvakaviriswa, uye
achazadzwa noMweya Mutsvene kunyange kubva pakuberekwa kwake.
16 Achadzorera vanhu vazhinji vaIsraeri kuna She Mwari wavo. 17 Uye
achafamba pamberi paShe, mumweya nomusimba raEria, kuti adzorere
mwoyo yamadzibaba kuvana vavo uye kuti vasingateereri vadzokere
kuuchenjeri hwavakarurama, kuti agadzirire vanhu vakagadzirirwa kuga-
muchira Ishe."

18 Zekaria akabvunza mutumwa akati, "Ndichazviziva seiko izvi? Ini
ndava murume mutana uye mukadzi wangu achembera kwazvo."

19 Mutumwa akapindura akati, "Ndini Gabhurieri. Ndinomira pamberi
paMwari, uye ndatumwa kuti ndizotaura newe, ndizokuudza nhau
dzakanaka idzi. 20 Uye iye zvino uchava chimumumu uye uchatadza
kutaura kusvikira pazuva razvichaitika, nokuti hauna kutenda mashoko
angu, iwo achaitika nenguva yawo."

21 Zvichakadaro, vanhu vakanga vakamirira Zekaria vakashamiswa
kuti akanga atora nguva yakareba kudai seiko ari mutemberi. 22 Akati
abuda, akasagona kutaura navo. Vakazviona kuti akanga aona chiratidzo
mutemberi, nokuti akaramba achitaura navo namaoko, uye akaramba ari
chimumumu asingagoni kutaura.

23 Nguva yokushumira kwake yakati yapera, akadzokera kumba kwake.
24 Shure kwaizvozvo, mukadzi wake Erizabheti akava nemimba uye
akazvivanza kwemwedzi mishanu. 25 Akati mumwoyo make, "Ishe
andiitira izvi. Mumazuva ano akaratidza nyasha dzake uye akabvisa
kunyadziswa kwangu pakati pavanhu."

### *Kuberekwa kwaJesu kunoziviswa*

26 Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhurieri
kuNazareta, guta riri muGarirea, 27 kumhandara yakanga yatsidzirwa
kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita
remhandara iyi rainzi Maria. 28 Mutumwa akasvika kwaari akati,
"Kwaziwa, iwe wakanzwirwa nyasha zvikuru! Ishe anewe."
29 Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa
kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii. 30 Asi mutumwa akati kwaari,
"Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari. 31 Uchava nomwana
uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rokuti Jesu. 32 Achava
mukuru uye achanzi Mwanakomana weWokumusoro-soro. Ishe Mwari
achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, 33 uye achatonga
pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake hahunga-
tongogumi."
34 Maria akabvunza mutumwa akati, "Ko, izvi zvichaitika seiko sezvo ini
ndiri mhandara?"
35 Mutumwa akapindura achiti, "Mweya Mutsvene achauya pamusoro
pako, uye simba reWokumusoro-soro richakufukidza. Saka mutsvene
achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari. 36 Kunyange hama yako
Erizabheti achava nomwana pamazuva okukwegura kwake, uye mwedzi
uno ndowechitanhatu kuna iye ainzi asingabereki. 37 Nokuti hakuna
chinhu chisingagonekwi naMwari."
38 Maria akati, "Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri
sezvamareva." Ipapo mutumwa akabva paari.

### *Maria Anoshanyira Erizabheti*

39 Panguva iyoyo Maria akagadzirira ndokukurumidza kuenda kune
rimwe guta romunyika yezvikomo yeJudhea, 40 uko kwaakasvikopinda
mumba maZekaria akakwazisa Erizabheti. 41 Erizabheti akati anzwa
kukwazisa kwaMaria, mwana akakwakuka mudumbu make, ipapo Er-
izabheti akazadzwa noMweya Mutsvene. 42 Akadanidzira nenzwi guru
achiti, "Wakaropafadzwa iwe pakati pavakadzi, uye akaropafadzwa
mwana wauchazvara! 43 Asi ini ndanzwirwawo nyasha seiko, zvokuti
mai vaShe wangu vauye kwandiri? 44 Pangosvika inzwi rokukwazisa
kwenyu munzeve dzangu mwana ari mudumbu mangu abva akwakuka
nomufaro. 45 Akaropafadzwa iye akatenda kuti zvakataurwa kwaari
naShe zvichaitika!"

### *Rwiyo rwaMaria*

46 Maria akati:
"Mwoyo wangu unokudza Ishe
47 uye mweya wangu unofara muna Mwari Muponesi wangu,
48 nokuti akanga ane hanya
nokuninipiswa kwomurandakadzi wake.
Kubva zvino marudzi ose achanditi ndakaropafadzwa,
49 nokuti Iye Wamasimba andiitira zvinhu zvikuru,

zita rake idzvene.
50 Ngoni dzake dzinosvika kuna avo vanomutya,
kubva kune chimwe chizvarwa kusvikira kune chimwe chizvarwa.
51 Iye akaita mabasa esimba noruoko rwake;
akaparadzira avo vanozvikudza mundangariro dzemwoyo yavo.
52 Akabvisa vatongi pazvigaro zvavo,
asi akasimudzira vanozvininipisa.
53 Akagutsa vane nzara nezvinhu zvakanaka,
asi akadzinga vapfumi vasina chinhu.
54 Akabatsira muranda wake Israeri,
achirangarira kuva nengoni,
55 kuna Abhurahama nezvizvarwa zvake nokusingaperi,
kunyange sezvaakareva kumadzibaba edu."
56 Maria akagara naErizabheti kwemwedzi inenge mitatu uye mushure
maizvozvo akazodzokera zvake kumusha.

### *Kuberekwa kwaJohani Mubhabhatidzi*

57 Nguva yakati yasvika yokuti Erizabheti ave nomwana, akazvara
mwana mukomana. 58 Vavakidzani vake nehama dzake vakanzwa kuti
Ishe akanga amunzwira ngoni huru, vakafara pamwe chete naye.
59 Pazuva rorusere vakauya kuzodzingisa mwana, uye vakanga
vachizomutumidza zita rababa vake Zekaria, 60 asi mai vake vakati,
"Kwete! Anofanira kunzi Johani."
61 Ivo vakati kwaari, "Pakati pehama dzenyu hapana munhu ane zita
iroro."
62 Ipapo vakaninira namaoko kuna baba vake, kuti vazive zita raaida
kupa mwana. 63 Akavakumbira pokunyorera, akanyora kuti "Zita rake
ndiJohani" uye vose vakashamiswa nazvo. 64 Pakarepo muromo wake
wakazarurwa uye rurimi rwake rukasunungurwa, akatanga kutaura,
achirumbidza Mwari. 65 Vavakidzani vose vakazadzwa nokutya, nomun-
yika yose yezvikomo yeJudhea vanhu vakataura pamusoro pezvinhu izvi
zvose. 66 Vanhu vose vakazvinzwa vakashamiswa nazvo, vakati, "Mwana
uyu achava akadiniko?" Nokuti ruoko rwaShe rwaiva naye.

### *Rwiyo rwaZekaria*

67 Zekaria baba vake vakazadzwa noMweya Mutsvene uye vakaprofita
vachiti:
68 "Ishe, Mwari waIsraeri ngaakudzwe,
nokuti akauya akadzikinura vanhu vake.
69 Akatisimudzira runyanga rworuponeso
muimba yomuranda wake Dhavhidhi,
70 sezvaakataura kubudikidza navaprofita vake vatsvene vekare,
71 iko kuponeswa kubva kuvavengi vedu
naparuoko rwavose vanotivenga,
72 kunzwira madzibaba edu ngoni
nokurangarira sungano yake tsvene,
73 mhiko yaakapikira baba vedu Abhurahama:
74 kutinunura kubva muruoko rwavavengi vedu,
uye kutigonesa kuti timushumire tisingatyi,
75 muutsvene nokururama pamberi pake mazuva edu ose.

76 “Uye iwe, mwana wangu, uchanzi muprofita weWokumusoro-soro;
nokuti uchatungamira pamberi paShe kuti umugadzirire nzira,
77 kuti ape vanhu vake ruzivo rworuponeso kubudikidza
nokuregererwa kwezvivi zvavo,
78 nokuda kwomwoyo munyoro waMwari wedu,
naye zuva richatibudira richibva kudenga,
79 kuti rivhenekere pamusoro paavo vagere murima
nomumumvuri worufu,
uye kuti usesedze tsoka dzedu munzira yorugare.”

80 Uye mwana akakura akava nesimba mumweya; uye akagara mugwenga kusvikira azoonekwa pachena kuvaIsraeri.

# 2

### *Kuberekwa kwaJesu*

1 Mumazuva iwayo Kesari Ogasitasi akapa chirevo chokuti vagari vose
venyika dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 2 Uku ndiko kwaiva
kuverengwa kwokutanga kwakaitwa panguva yaKuriniasi paakanga ari
mubati weSiria. 3 Uye mumwe nomumwe akaenda kuguta rake kuti
andonyoresa.

4 Saka Josefawo akakwidza achibva kuguta reNazareta muGarirea
achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavhidhi nokuti akanga
ari weimba yaDhavhidhi neworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko kundony-
oresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava
napamuviri. 6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika,
7 akazvara dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka
akamuisa muchidyiro chezvipfuwo, nokuti muimba yavaeni makanga
musisina nzvimbo yavo.

### *Vafudzi naVatumwa*

8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva
pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa waShe
akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwaJehovha kwakavakomberedza,
uye vakatya kwazvo. 10 Asi mutumwa akati kwavari, “Musatya. Ndauya
nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose. 11 Nhasi
muguta raDhavhidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. 12 Ichi
ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa
nemicheka uye avete muchidyiro chezvipfuwo.”

13 Pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti:

14 “Mwari ngaarumbidzwe kumusoro-soro,
uye rugare panyika nokuvanhu vaanofarira.”

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana vachiti, “Handei kuBheterehema tindoona chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho naShe.”

16 Saka vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria na-
Josefa, nomwana, akanga avete muchidyiro chezvipfuwo. 17 Vakati
vamuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa pa-
musoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nez-
vavakataurirwa navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi
akazvifungisisa mumwoyo make. 20 Vafudzi vakadzokera vachikudza

nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu zvose zvavakanga vanzwa uye
zvavakaona, zvakanga zvakangoita sezvavakanga vataurirwa.

### *Jesu Anokumikidzwa muTemberi*

21 Pazuva rorusere, nguva yokudzingiswa kwake yasvika, akatu-
midzwa zita rokuti Jesu, zita raakanga apiwa nomutumwa asati aumbwa
mudumbu.
22 Nguva yokuzvinatsa kwavo maererano noMurayiro waMozisi yakati
yakwana, Josefa naMaria vakaenda naye kuJerusarema kundomuku-
mikidza kuna She 23 sezvazvakanyorwa muMurayiro waShe, kuti
“Mwanakomana wose wedangwe anofanira kutsaurirwa Ishe,” 24 uye
kuti vabayire chibayiro maererano nezvinorehwa muMurayiro waShe
zvichinzi: “njiva mbiri kana hangaiwa duku mbiri.”
25 Zvino kwakanga kuno murume aiva muJerusarema ainzi Simeoni,
akanga akarurama uye aida Mwari. Akanga akamirira kunyaradzwa
kwavaIsraeri, uye Mweya Mutsvene waiva pamusoro pake. 26 Zvakanga
zvaratidzwa naMweya Mutsvene kuti haaizofa asati aona Muzodziwa
waShe. 27 Akapinda mutemberi achisundwa noMweya Mutsvene.
Vabereki vakati vauya nomwana Jesu kuti vazoita kwaari tsika yaidiwa
noMurayiro, 28 Simeoni akamubata mumaoko ake akarumbidza Mwari
achiti:

29 “Ishe Tenzi, sezvamakavimbisa,
zvino chiendesai henyu muranda wenyu norugare.
30 Nokuti meso angu aona ruponeso rwenyu,
31 rwamakagadzirira pamberi pavanhu vose,
32 chiedza chinovhenekera veDzimwe Ndudzi
uye nokukudzwa kwavanhu venyu Israeri.”

33 Baba namai vomwana vakashamiswa nezvakataurwa pamusoro pake.
34 Ipapo Simeoni akavaropafadza akati kuna Maria, mai vake, “Mwana
uyu achaita kuti kuve nokuwa nokumutswa kwavazhinji muIsraeri,
uye achava chiratidzo chicharambwa, 35 kuitira kuti ndangariro dzem-
woyo mizhinji dzigoratidzwa. Uye munondo uchabayawo mwoyo wako
pachako.”
36 Kwaivawo nomuprofitakadzi, Ana, mwanasikana waFanueri, worudzi
rwaAsheri. Akanga akwegura kwazvo; akanga ambogara makore
manomwe nomurume wake shure kwokuwanikwa kwake, 37 ipapo
akazova chirikadzi kusvikira ava namakore makumi masere namana.
Haana kumbobva mutemberi asi akanamata usiku namasikati, achitsanya
nokunyengetera. 38 Akasvika pavari panguva iyoyo, akavonga Mwari uye
akataura pamusoro pomwana kuna vose vakanga vakamirira kudzikin-
urwa kweJerusarema.
39 Josefa naMaria vakati vaita zvose zvaidikanwa noMurayiro waShe,
vakadzokera kuGarirea kuguta ravo reNazareta. 40 Uye mwana akakura
akasimba; akanga azere nouchenjeri, uye nyasha dzaMwari dzaiva
pamusoro pake.

### *Jesu paTemberi*

41 Gore negore vabereki vake vaienda kuJerusarema kuMutambo
wePasika. 42 Akati ava namakore gumi namaviri, vakakwidza naye
kuMutambo, maererano netsika yavo. 43 Mutambo wakati wapera,
vabereki vake pavakanga vodzokera kumusha, mukomana Jesu akasara
muJerusarema, asi ivo vakanga vasingazvizivi. 44 Vakafamba kwezuva

rose vachifunga kuti akanga ari pakati pavo. Ipapo vakatanga kumutsvaka
pakati pehama neshamwari dzavo. 45 Vakati vamushayiwa, vakad-
zokera kuJerusarema kundomutsvaka. 46 Mushure mamazuva matatu
vakamuwana ari mutemberi, akagara pakati pavadzidzisi achivateer-
era uye achivabvunza mibvunzo. 47 Mumwe nomumwe akamunzwa
akashamiswa nokunzwisisa kwake uye nemhinduro dzake. 48 Vabereki
vake vakati vamuwana, vakashamiswa kwazvo. Mai vake vakati kwaari,
"Mwana, waitireiko zvakadai kwatiri? Baba vako neni tanga tichikutsvaka
kwazvo."

49 Iye akati, "Manga muchinditsvakireiko? Manga musingazivi here kuti
ndaifanira kunge ndiri mumba mababa vangu?" 50 Asi havana kunzwisisa
zvaaireva kwavari.

51 Ipapo akaburuka navo kuNazareta uye akavateerera. Asi mai vake
vakachengeta zvinhu zvose izvi mumwoyo mavo. 52 Uye Jesu akakura
muuchenjeri nomumhu, achidiwa naMwari uye navanhu.

# 3

*Johani Mubhabhatidzi Anogadzira Nzira*

1 Mugore regumi nemashanu rokutonga kwaTibheriasi Kesari, Pondio
Pirato paakanga ari mubati weJudhea, Herodhi ari mubati weGarirea, mu-
nun'una wake Firipi ari mubati weIturea neTirakoniti, uye Risania ari mu-
bati weAbhurini, 2 panguva youprista hwaAnasi naKefasi, shoko raMwari
rakasvika kuna Johani mwanakomana waZekaria mugwenga. 3 Akaenda
munyika yose yakapoteredza Jorodhani, achiparidza rubhabhatidzo
rwokutendeuka kuti vanhu varegererwe zvivi. 4 Sezvazvakanyorwa
mubhuku ramashoko aIsaya muprofita zvichinzi:

"Inzwi rounodana murenje richiti,
'Gadzirai nzira yaShe,
ruramisai migwagwa yake.
5 Mipata yose ichafushirwa,
makomo ose nezvikomo zvichaderedzwa.
Migwagwa yakakombama ichatwasanudzwa,
pasakaenzana pachaenzaniswa.
6 Uye marudzi ose avanhu achaona ruponeso rwaMwari.' "

7 Johani akati kuvanhu vazhinji vaiuya kuzobhabhatidzwa naye, "Imi
vana venyoka! Ndianiko akuyambirai kuti mutize kutsamwa kuchauya?
8 Chiberekai zvibereko zvinoenderana nokutendeuka. Uye musatanga kuti
mumwoyo menyu, 'Abhurahama ndiye baba vedu.' Nokuti ndinoti kwa-
muri Mwari anogona kumutsira Abhurahama vana pamabwe aya. 9 Demo
ratoiswa pamidzi yemiti, uye muti mumwe nomumwe usingabereki
zvibereko zvakanaka uchatemwa ugokandwa mumoto."

10 Vanhu vazhinji vakati, "Zvino toita seiko?"

11 Johani akapindura akati, "Munhu ane nguo mbiri ngaagovane
neasina, uye ane zvokudya ngaaitewo saizvozvo."

12 Vateresi vakauyawo kuzobhabhatidzwa. Vakamubvunza vakati,
"Mudzidzisi, toita seiko?"

13 Akati kwavari, "Musatora mari inopfuura mwero wamunofanira
kutora." 14 Ipapo vamwe varwi vakamubvunza vakati, "Tinofanira kuita
seiko?" Iye akati, "Musatorera vanhu mari nechisimba uye musapomera
vanhu nhema, mugutsikane nomubayiro wenyu."

15 Vanhu vakanga vakamirira vakatarisira, uye vose vakanga vachika-
hadzika mumwoyo mavo kuti zvimwe Johani akanga ari iye Kristu.
16 Johani akavapindura vose achiti, “Ini ndinokubhabhatidzai nemvura.
Asi shure kwangu kunouya mumwe ane simba kundipfuura zvokuti
ini handina kukodzera kuti ndisunungure rukanda rweshangu dzake.
Achakubhabhatidzai noMweya Mutsvene nomoto. 17 Rusero rwake rwuri
muruoko rwake kuti apepete paburiro rake uye agounganidza gorosi
mudura, asi hundi achaipisa nomoto usingadzimwi.” 18 Uye namamwe
mashoko mazhinji, Johani akakurudzira vanhu akaparidza vhangeri
kwavari.
19 Asi Johani akati atsiura Herodhi mutongi nokuda kwaHerodhiasi,
mukadzi womunun’una wake, uye nezvimwe zvinhu zvose zvakaipa
zvaakanga aita, 20 Herodhi akawedzera pazviri zvose nokuita izvi: Akap-
figira Johani mutorongo.

### *Kubhabhatidzwa kwaJesu uye Rudzi Rwake*

21 Vanhu vose vakati vachiri kubhabhatidzwa, Jesu akabhabhatidzwawo.
Uye akati achinyengetera, denga rakazaruka, 22 Mweya Mutsvene akauya
pamusoro pake nomufananidzo wenjiva. Uye inzwi rakabva kudenga
richiti, “Ndiwe mwanakomana wangu, wandinoda; ndiwe wandinofarira
kwazvo.”
23 Zvino Jesu pachake akanga ava namakore anenge makumi matatu
paakatanga ushumiri hwake. Sokuonekwa kwazvo, akanga ari mwanako-
mana,

mwanakomana waHeri, 24 mwanakomana waMatati,
mwanakomana waRevhi, mwanakomana waMereki,
mwanakomana waJani, mwanakomana waJosefa,
25 mwanakomana waMatatiasi, mwanakomana waAmosi,
mwanakomana waNahumi, mwanakomana waEsiri,
mwanakomana waNagai, 26 mwanakomana waMaati,
mwanakomana waMatatiasi, mwanakomana waSemeini,
mwanakomana waJoseki, mwanakomana waJodha,
27 mwanakomana waJoanani, mwanakomana waResa,
mwanakomana waZerubhabheri, mwanakomana waShearitieri,
mwanakomana waNeri, 28 mwanakomana waMereki,
mwanakomana waAdhi, mwanakomana waKosamu,
mwanakomana waErimadhami, mwanakomana waEri,
29 mwanakomana waJoshua, mwanakomana waEriezeri,
mwanakomana waJerimi, mwanakomana waMatati,
mwanakomana waRevhi, 30 mwanakomana waSimeoni,
mwanakomana waJudha, mwanakomana waJosefa,
mwanakomana waJonami, mwanakomana waEriakimi,
31 mwanakomana waMerea, mwanakomana waMena,
mwanakomana waMatata, mwanakomana waNatani,
mwanakomana waDhavhidhi, 32 mwanakomana waJese,
mwanakomana waObhedhi, mwanakomana waBhoazi,
mwanakomana waSarimoni, mwanakomana waNahashoni,
33 mwanakomana waAminadhabhi, mwanakomana waRami,
mwanakomana waHezironi, mwanakomana waPerezi,
mwanakomana waJudha, 34 mwanakomana waJakobho,
mwanakomana waIsaka, mwanakomana waAbhurahama,
mwanakomana waTera, mwanakomana waNahori,

[35] mwanakomana waSerugi, mwanakomana waReu,
mwanakomana waPeregi, mwanakomana waEbha,
mwanakomana waShera, [36] mwanakomana waKainani,
mwanakomana waArifasadhi, mwanakomana waShamu,
mwanakomana waNoa, mwanakomana waRameki,
[37] mwanakomana waMetusera, mwanakomana waEnoki,
mwanakomana waJaredhi, mwanakomana waMaharareri,
mwanakomana waKenani, [38] mwanakomana waEnoshi,
mwanakomana waSeti, mwanakomana waAdhamu,
mwanakomana waMwari.

# 4

### *Kuedzwa kwaJesu*

[1] Jesu, azere noMweya Mutsvene, akadzoka kubva paJorodhani
akatungamirirwa noMweya mugwenga, [2] umo maakaedzwa naSatani
kwamazuva makumi mana. Haana chaakadya pamazuva iwayo, uye
pakupera kwamazuva iwayo akanzwa nzara.

[3] Satani akati kwaari, "Kana iwe uri mwanakomana waMwari, rayira
dombo iri kuti rive chingwa."

[4] Jesu akapindura akati, "Kwakanyorwa kuchinzi, 'Munhu haararami
nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo
maMwari.' "

[5] Satani akamutungamirira kunzvimbo yakakwirira uye akamuratidza
munguva diki diki umambo hwose hwenyika. [6] Akati kwaari, "Ndichakupa
simba rahwo rose nokubwinya kwahwo, nokuti ndakahupiwa, uye ini
ndinogona kuhupa kuna ani zvake wandinoda. [7] Saka kana ukandina-
mata, huchava hwako hwose."

[8] Jesu akapindura akati, "Kwakanyorwa kuchinzi, 'Namata Ishe Mwari
wako umushumire iye oga.' "

[9] Satani akamutungamirira kuJerusarema akamuita kuti amire
pachiruvi chetemberi. Akati kwaari, "Kana uri mwanakomana waMwari,
zviwisire pasi uchibva pano. [10] Nokuti kwakanyorwa kuchinzi:

" 'Acharayira vatumwa vake pamusoro pako
kuti vakuchengete kwazvo;
[11] vachakusimudza mumaoko avo,
kuti rutsoka rwako rurege kugumburwa padombo.' "

[12] Jesu akati, "Zvinonzi, 'Usaedza Ishe Mwari wako.' "

[13] Satani akati apedza kuedza kwake kwose uku, akabva paari kusvikira
pane imwe nguva.

### *Jesu Anorambwa muNazareta*

[14] Jesu akadzokera kuGarirea musimba roMweya, uye shoko pamusoro
pake rakapararira kumativi ose enyika. [15] Akadzidzisa mumasinagoge avo,
uye munhu wose akamurumbidza.

[16] Akaenda kuNazareta, kwaakanga arerwa, uye nomusi weSabata
akapinda musinagoge, setsika yake. Akasimuka kuti averenge. [17] Rugwaro
rwakapetwa rwaIsaya rwakapiwa kwaari. Pakurubhedhenura, akawana
pakanga pakanyorwa kuti:

[18] "Mweya waShe uri pamusoro pangu,
nokuti akandizodza
kuti ndiparidze vhangeri kuvarombo.
Akanditurna kuti ndiparidze rusununguko kuna vakasungwa

uye kuti vasingaoni vaone,
kuti ndisunungure vakamanikidzwa,
[19] kuti ndiparidze gore rakanaka raShe."
[20] Ipapo akapeta rugwaro, akarudzosera kumubati akagara pasi. Meso
avanhu vose vakanga vari musinagoge akanga akati nde-e kwaari, [21] uye
akatanga nokuti kwavari, "Nhasi rugwaro urwu rwazadziswa munzeve
dzenyu."
[22] Vose vakataura zvakanaka pamusoro pake uye vakashamiswa na-
mashoko akanaka akanga achibuda mumuromo make. Vakati, "Ko, uyu
haazi mwanakomana waJosefa here?"
[23] Jesu akati kwavari, "Zvirokwazvo muchataura tsumo iyi kwandiri
muchiti: 'Murapi, chizvirapa! Itawo muguta rako rino zvatakanzwa kuti
wakaita muKapenaume.' "
[24] Akaenderera mberi achiti, "Ndinokuudzai chokwadi kuti hakuna
muprofita anogamuchirwa muguta rake. [25] Ndinokuudzai chokwadi kuti
kwakanga kune chirikadzi zhinji muIsraeri panguva yaEria, panguva
yakadzivirwa denga kwamakore matatu nehafu uye nzara huru ikavapo
munyika yose. [26] Asi Eria haana kutumwa kuno mumwe wavo, asi
kuchirikadzi yeZerafati munyika yeSidhoni. [27] Uye kwaiva navazhinji
vaiva namaperembudzi panguva yaEria muprofita, asi hapana mumwe
chete pakati pavo akanatswa kunze kwaNaamani muSiria."
[28] Vanhu vose vakanga vari musinagoge vakatsamwa kwazvo
pavakanzwa izvi. [29] Vakasimuka, vakamubudisa muguta, vakamutora
vakaenda naye kumucheto cheto kwechikomo chakanga chakavakirwa
guta ravo, kuti vamusundidzire kumawere. [30] Asi akafamba napakati
pemhomho yavanhu akaenda zvake.

### *Jesu Anodzinga Mweya Wakaipa*

[31] Ipapo akaburuka zasi kuKapenaume, guta riri muGarirea, akatanga
kudzidzisa vanhu nomusi weSabata. [32] Vakashamiswa nokudzidzisa
kwake, nokuti shoko rake raiva nesimba.
[33] Musinagoge makanga muno murume akanga akabatwa nedhimoni,
mweya wakaipa, uye akadanidzira nenzwi guru achiti, [34] "A! Munodeiko
kwatiri imi Jesu weNazareta? Ko, mauya kuzotiparadza kanhi? Ndinoziva
kuti muri ani, muri Mutsvene waMwari!"
[35] Jesu akaurayira achiti, "Nyarara! Buda maari!" Ipapo dhimoni
rakaputsira murume uyu pasi pamberi pavo vose rikabuda risina kumuku-
vadza.
[36] Vanhu vose vakashamiswa vakataurirana vachiti, "Kudzidzisa uku
ndokupi? Anorayira mweya yakaipa nechikuriri uye nesimba, ichibva
yabuda!" [37] Mukurumbira wake wakapararira munzvimbo dzose dza-
kapoteredza.

### *Jesu Anoporesa Vazhinji*

[38] Jesu akabva pasinagoge akaenda kumba kwaSimoni. Zvino mai
vomukadzi waSimoni vairwara nefivha, uye vakakumbira Jesu kuti
avabatsire. [39] Saka akakotamira kwavari akarayira fivha, ikabva pavari.
Vakasimuka pakarepo vakatanga kuvashandira.
[40] Zuva rakati rodoka, vanhu vakauya kuna Jesu navose vakanga
vana marudzi akasiyana-siyana ezvirwere, akaisa maoko ake pamu-
soro pomumwe nomumwe wavo akavaporesa. [41] Pamusoro paizvozvo,
madhimoni akabuda muvanhu vazhinji, achidanidzira achiti, "Ndiwe

Mwanakomana waMwari!” Asi iye akaatsiura akasaatendera kuti ataure,
nokuti iwo aiziva kuti ndiye Kristu.

42 Mangwanani-ngwanani, Jesu akaenda kunzvimbo yakanyarara ari
oga. Vanhu vakanga vachimutsvaka uye vakati vamuwana paakanga
ari, vakaedza kumudzivisa kuti asabva kwavari. 43 Asi iye akati,
“Ndinofanira kuparidza vhangeri roumambo hwaMwari kuna mamwewo
maguta, nokuti ndizvo zvandakatumirwa.” 44 Uye akaramba achiparidza
mumasinagoge eJudhea.

# 5

### *Kudanwa kwaVadzidzi Vokutanga*

1 Rimwe zuva Jesu zvaakanga amire paGungwa reGenesareti, vanhu
vakaungana vakamukomberedza vachiteerera kushoko raMwari, 2 uye
akaona magwa maviri kumhenderekedzo dzegungwa, akanga asiyiwapo
navabati vehove, vakanga vachisuka mambure avo. 3 Akakwira mune
rimwe ramagwa acho, rakanga riri raSimoni, akamukumbira kuti ariswed-
edze zvishoma kumahombekombe. Ipapo akagara pasi akadzidzisa vanhu
ari mugwa.

4 Akati apedza kutaura, akati kuna Simoni, “Chiriswededza kwakadzika
ugokanda usvasvi ubate hove.”

5 Simoni akapindura akati, “Tenzi, takashanda zvakaoma usiku hwose
uye hatina kubata chinhu. Asi sezvamadaro imi, ndichakanda hangu
mambure.”

6 Vakati vaita saizvozvo, vakabata hove zhinji kwazvo uye mambure avo
akatanga kubvaruka. 7 Saka vakaninira vamwe vavo vakanga vari mune
rimwe igwa kuti vauye vazovabatsira, ivo vakauya vakazadza magwa ose
ari maviri; akazara zvokuti akatanga kunyura.

8 Simoni Petro akati achiona izvi, akawira pamabvi aJesu akati,
“Ibvai kwandiri, Ishe; ndiri mutadzi!” 9 Nokuti iye neshamwari
dzake vakashama kwazvo nokuda kwehove dzavakanga vabata, 10 uye
vanaJakobho naJohani, vanakomana vaZebhedhi, vamwe vaSimoni,
vakashamawo.

Ipapo Jesu akati kuna Simoni, “Usatya; kubva zvino uchava mubati
wavanhu.” 11 Saka vakakwevera magwa avo kumahombekombe, vakasiya
zvose uye vakamutevera.

### *Jesu Anonatsa Munhu Akanga Ana Maperembudzi*

12 Jesu paakanga achiri mune rimwe ramaguta, mumwe murume
akanga azere namaperembudzi akauya. Akati achiona Jesu, akawira
pasi nechiso chake akamukumbira zvikuru achiti, “Ishe, kana muchida,
munogona kundinatsa.”

13 Jesu akatambanudza ruoko rwake akabata murume uyu akati,
“Ndinoda, chinatswa!” Pakarepo maperembudzi akabva paari.

14 Ipapo Jesu akamurayira akati, “Usaudza munhu, asi enda undozvi-
ratidza kumuprista ugopa zvibayiro zvakarayirwa naMozisi zvokunatswa
kwako, chive chapupu kwavari.”

15 Asi mukurumbira wake wakapararira kwazvo, zvokuti vanhu vazhinji
zhinji vakauya kuzomunzwa uye kuti vaporeswe zvirwere zvavo. 16 Asi,
kazhinji Jesu aizvitsaura achienda kusina vanhu kuti andonyengetera.

### *Jesu Anoporesa Munhu Akanga Akaoma Mutezo*

17 Rimwe zuva paaidzidzisa, vaFarisi navadzidzisi vomurayiro, vakanga
vabva mumisha yose yeGarirea neJudhea uye neJerusarema, vakanga
vagerepo. Uye simba raShe rakanga riripo kuti aporese vanorwara.
18 Vamwe varume vakasvika vakatakura murume akanga akaoma mutezo
parukukwe vakaedza kuti vamupinze mumba kuti vandomuradzika
pamberi paJesu. 19 Vakati vashayiwa nzira yokupinda nayo nokuda
kwokuwanda kwavanhu, vakakwira pamusoro pedenga vakamuburutsa
ari parukukwe rwake nepamapfiriro, pakati pavanhu, pamberi paJesu
chaipo.

20 Jesu akati aona kutenda kwavo, akati, "Shamwari, zvivi zvako
zvaregererwa."

21 VaFarisi navadzidzisi vomurayiro vakatanga kufunga vachiti, "Ndi-
aniko munhu uyu anotaura achimhura Mwari. Ndianiko anoregerera
zvivi kunze kwaMwari chete?"

22 Jesu aiziva zvavaifunga uye akabvunza achiti, "Seiko muchifunga
zvinhu izvi mumwoyo yenyu? 23 Ndezvipiko zvakareruka: kuti, 'Zvivi
zvako zvaregererwa,' kana kuti, 'Simuka ufambe'? 24 Asi kuti muzive
kuti Mwanakomana woMunhu ane simba panyika rokuregerera zvivi."
Akati kumurume akanga akaoma mutezo, "Ndinoti kwauri, simuka, tora
rukukwe rwako uende kumba." 25 Pakarepo akasimuka pamberi pavo,
akatora rukukwe rwaakanga avete parwuri akaenda kumba achirumbidza
Mwari. 26 Munhu wose akashamiswa nazvo akarumbidza Mwari.
Vakazadzwa nokutya vakati, "Taona zvinhu zvinoshamisa nhasi."

### *Kudanwa kwaRevhi*

27 Shure kwaizvozvo, Jesu akabuda akaona muteresi ainzi Revhi akagara
paimba yake yokuteresa. Jesu akati kwaari, "Nditevere." 28 Revhi
akasimuka, akasiya zvinhu zvose akamutevera.

29 Ipapo Revhi akaitira Jesu mabiko makuru pamba pake, uye vateresi
vazhinji kwazvo navamwewo vakadya navo. 30 Asi vaFarisi navadzidzisi
vomurayiro vakanga vari veboka ravo vakagunun'una vakati kuvadzidzi
vake, "Seiko muchidya navateresi navatadzi?"

31 Jesu akavapindura akati, "Vasingarwari havatsvaki chiremba, asi
vanorwara. 32 Handina kuuya kuzodana vakarurama, asi vatadzi kuti
vatendeuke."

### *Vanobvunza Jesu pamusoro poKutsanya*

33 Ivo vakati kwaari, "Vadzidzi vaJohani vanotsanya kazhinji uye
vachinyengetera, uye vadzidzi vavaFarisi vanodarowo, asi venyu
vanoramba vachidya nokunwa."

34 Jesu akavapindura akati, "Mungaite here kuti shamwari dzechikomba
dzitsanye iye achinavo? 35 Asi nguva ichauya apo chikomba chichabviswa
kwavari; mumazuva iwayo vachatsanya."

36 Akavaudza mufananidzo uyu akati, "Hakuna munhu anobvarura
chigamba kubva panguo itsva achichisonera panguo tsaru. Kana akadaro,
anenge abvarura nguo itsva, uye chigamba chinobva panguo itsva
hachibatsiri panguo tsaru. 37 Uye hakuna anodira waini itsva mumaguchu
amatehwe matsaru. Kana akadaro, waini itsva ichatsemura matehwe,
waini itsva ichateuka uye maguchu ewaini achaparadzwa. 38 Kwete, waini
itsva inofanira kudirwa mumaguchu amatehwe matsva. 39 Uye hakuna
munhu anoti ambonwa waini tsaru ozoda waini itsva, nokuti anoti, 'Tsaru
iri nani.' "

# 6

### *Ishe weSabata*

[1] Rimwe Sabata Jesu akanga achifamba nomuminda yezviyo, uye vadzidzi vake vakatanga kunonga hura dzezviyo, vachidzipukuta mumaoko avo vachidya tsanga dzacho.
[2] Vamwe vavaFarisi vakati, "Seiko muchiita zvisingatenderwi nomusi weSabata?"
[3] Jesu akavapindura akati, "Hamuna kumboverenga here zvakaitwa naDhavhidhi paakanga ava nenzara, iye neshamwari dzake?
[4] Akapinda mumba maMwari, akatora chingwa chakatsaurwa, akadya zvaingobvumirwa kudyiwa navaprista chete. Uye akapawo chimwe kushamwari dzake."
[5] Ipapo akati kwavari, "Mwanakomana woMunhu ndiye Ishe weSabata."
[6] Rimwezve Sabata akapinda musinagoge uye aidzidzisa, zvino pakanga pano murume akanga ano ruoko rwake rworudyi rwakanga rwakakokonyara.
[7] VaFarisi navadzidzisi vomurayiro vakanga vachitsvaka mhosva yokupomera Jesu, saka vakamutarisisa kuti vaone kana aizoporesa nomusi weSabata.
[8] Asi Jesu aiziva zvavaifunga uye akati kumurume akanga ano ruoko rwakakokonyara, "Simuka umire pamberi pavanhu vose." Saka iye akasimuka akamira ipapo.
[9] Ipapo Jesu akati kwavari, "Ndinokubvunzaiwo kuti chiiko chinobvumirwa kuitwa nomusi weSabata: kuita zvakanaka kana kuita zvakaipa, kuponesa upenyu kana kuhuparadza?"
[10] Akatarisa kwavari vose, ndokuti kumunhu uya, "Tambanudza ruoko rwako." Iye akaita saizvozvo, uye ruoko rwake rukatwasanuka.
[11] Asi ivo vakatsamwa kwazvo vakatanga kutaurirana zvavangaita kuna Jesu.

### *Vapostori Gumi naVaviri*

[12] Nerimwe ramazuva iwayo, Jesu akabuda akaenda kugomo kuti andonyengetera, uye akapedza usiku hwose achinyengetera kuna Mwari.
[13] Fume mangwana, akadana vadzidzi vake akasarudza gumi navaviri pakati pavo, avo vaakatumidza kuti vapostori:

[14] Simoni (uyo waakatumidza kuti Petro),
munun'una wake Andirea,
Jakobho,
Johani,
Firipi,
Bhatoromeo,
[15] Mateo,
Tomasi,
Jakobho mwanakomana waArifeasi,
Simoni ainzi muZeroti,
[16] Judhasi mwanakomana waJakobho,
naJudhasi Iskarioti, uyo akazova mupanduki.

### *Maropafadzo neNhamo*

[17] Akaburuka navo akandomira panzvimbo yakanga yakaenzana. Ungano huru yavadzidzi vake yakanga iripo uye navanhu vazhinji vaibva muJudhea yose, vaibva kuJerusarema, uye navaibva kumuganhu weTire neSidhoni,
[18] vakanga vauya kuzomunzwa uyewo kuti vazoporeswa pazvirwere zvavo. Vaya vakanga vachimanikidzwa nemweya yakaipa vakaporeswa,
[19] uye vanhu vose vakaedza kumubata, nokuti simba rakanga richibuda maari richivaporesa vose.

20 Akatarira kuvadzidzi vake, akati:
"Makaropafadzwa imi varombo,
nokuti umambo hwaMwari ndohwenyu.
21 Makaropafadzwa imi vane nzara zvino,
nokuti muchaguta.
Makaropafadzwa imi munochema zvino,
nokuti muchaseka.
22 Makaropafadzwa imi kana vanhu vachikuvengai,
vachikutsaurai uye vachikutukai,
vachiramba zita renyu vachiti rakaipa, nokuda kwoMwanakomana woMunhu.
23 "Farai pazuva iro uye mupembere nomufaro, nokuti mubayiro
wenyu mukuru kudenga. Ndiwo matambudzirwo akaitwa vaprofita
namadzibaba avo.
24 "Asi mune nhamo imi vapfumi,
nokuti makatowana kunyaradzwa kwenyu kare.
25 Mune nhamo imi makaguta zvino,
nokuti muchanzwa nzara.
Mune nhamo imi vanoseka zvino,
nokuti muchaungudza uye muchachema.
26 Mune nhamo imi kana vanhu vose vachitaura zvakanaka pamusoro penyu,
nokuti madzibaba avo akaitira vaprofita venhema zvakadaro.

### *Idai vavengi venyu*

27 "Asi ndinokuudzai imi munondinzwa kuti: Idai vavengi venyu, itai
zvakanaka kuna avo vanokuvengai, 28 ropafadzai vanokutukai, nyengeter-
erai vaya vanokunetsai. 29 Kana mumwe akakurova rimwe dama,
mupezve rimwe racho. Kana mumwe akakutorera nguo yako yokunze,
usamudzivisa kutorawo nguo yomukati. 30 Upe vose vanokukumbira,
uye kana ani zvake akatora chinhu chako, usagombedzera kuti chidzoke.
31 Itira vamwe zvaunoda kuti vakuitirewo iwe.
32 "Kana uchida vaya vanokuda, mubayiro wako uchagova weiko?
Kunyange navatadzi vanoda avo vanovada. 33 Uye kana uchiita
zvakanaka kuna vaya vakanaka kwauri, mubayiro wako uchagova weiko?
Kunyange vatadzi vanoita izvozvo. 34 Uye kana uchikweretesa kuna
vaya vaunotarisira kuti vagodzora, mubayiro wako uchagova weiko?
Kunyange vatadzi vanokweretesa kuvatadzi, vachitarisira kuzodzoserwa
zvakakwana. 35 Asi idai vavengi venyu, muite zvakanaka kwavari, uye
muvakweretese musingatarisiri kuwana kana chinhuzve. Ipapo mubayiro
wenyu uchava mukuru, uye muchava vanakomana veWokumusoro-soro,
nokuti iye ano mwoyo munyoro kuna vasingavongi navakaipa. 36 Ivai
netsitsi sababa venyu vane tsitsi.

### *Kutonga vamwe*

37 "Musatonga, uye nemi hamuzotongwi. Musapa mhosva, uye nemi
hamuzopiwi mhosva. Regererai, uye nemi muchazoregererwawo. 38 Ipai,
uye nemi muchapiwa. Muchapiwa mumaoko enyu chiyero chakanaka,
chakatsindirwa, chakazunguzirwa uye chinopfachukira. Nokuti nechiyero
chamunoyera nacho, muchayererwawo nacho."
39 Akavaudzawo mufananidzo uyu: "Bofu ringatungamirira bofu here?
Havangawiri mugomba vose vari vaviri here? 40 Mudzidzi haapfuuri

mudzidzisi wake, asi munhu wose anenge adzidziswa zvakakwana ndiye achaita somudzidzisi wake.
41 "Seiko uchitarisa rubanzu rwuri muziso rehama yako, asi usingatariri
danda riri muziso rako pachako? 42 Ungareva seiko kuhama yako uchiti,
'Hama, rega ndikubvise rubanzu rwuri muziso rako, asi, iwe pachako uchitadza kuona danda riri muziso rako?' Iwe munyengeri, tanga wabvisa danda muziso rako, ipapo uchaonesesa kuti ubvise rubanzu muziso rehama yako.

### *Muti nomuchero wawo*

43 "Hakuna muti wakanaka unobereka muchero wakaipa, uye muti
wakaipa haungabereki muchero wakanaka. 44 Muti mumwe nomumwe
unozivikanwa nomuchero wawo. Vanhu havangatanhi maonde kubva mumakwenzi eminzwa, kana kutanha mazambiringa kubva parukato.
45 Munhu akanaka anobudisa zvinhu zvakanaka zvakachengetwa mumwoyo make.

### *Muvaki Akachenjera noMuvaki Benzi*

46 "Sei muchiti, 'Ishe, Ishe,' kwandiri asi musingaiti zvandinoreva?
47 Ndichakuratidzai zvakaita munhu anouya kwandiri anonzwa mashoko
angu uye achiaita. 48 Akaita somunhu anovaka imba, akachera zvakadzika akavaka hwaro paruware. Mafashamu akati asvika, mafungu akarova imba iyo asi haana kugona kuizungunutsa, nokuti yakanga yakavakwa
zvakanaka. 49 Asi munhu anonzwa mashoko angu akasaaita, akafanana nomunhu akavaka imba pavhu asina kuchera hwaro. Mafungu paakangorova imba iyo, yakakoromoka uye kuparara kwayo kwakava kukuru."

# 7

### *Kutenda kwoMukuru weZana*

1 Jesu akati apedza kutaura zvose izvi vanhu vachizvinzwa, akapinda
muKapenaume. 2 Imomo maiva nomuranda womukuru wezana, aidiwa
chose natenzi wake, akanga achirwara uye ava kuda kufa. 3 Mukuru
wezana akanzwa nezvaJesu uye akatuma vamwe vakuru vavaJudha
kwaari, achimukumbira kuti auye kuzoporesa muranda wake. 4 Vakati
vasvika kuna Jesu, vakamukumbira zvikuru vachiti, "Murume uyu
akafanira kuti mumuitire izvi, 5 nokuti anoda rudzi rwedu uye ndiye
akavaka sinagoge redu." 6 Naizvozvo Jesu akaenda navo.
Akanga asiri kure nomusha pakatumwa shamwari nomukuru wezana kuti dzinoti kwaari, "Ishe, musazvinetsa zvenyu, nokuti handina kukodzera kuti imi mupinde mumba mangu. 7 Ndokusaka ndisina kumbofunga
kuti ini ndive nekodzero yokuuya kwamuri. Asi, taurai henyu shoko, uye
muranda wangu achapora. 8 Nokuti ini pachangu, ndiri munhu ari pasi
pavamwe, uye ndine varwi vari pasi pangu. Ndinoti kuno uyu, 'Enda,' uye anoenda, kuno mumwe, 'Uya' uye anouya. Ndinoti kumuranda wangu, 'Ita ichi,' uye anochiita."
9 Jesu akati anzwa izvi, akashamiswa kwazvo naye, akatendeukira kuvanhu vazhinji vaimutevera akati, "Ndinoti kwamuri, handina kumboona
kutenda kwakadai kunyange muIsraeri." 10 Ipapo varume vaya vakanga
vatumwa vakadzokera kumba vakawana muranda uya apora.

### *Jesu Anomutsa Mwanakomana weChirikadzi*

11 Pasina kupera nguva refu, Jesu akaenda kuguta rainzi Naini, vadzidzi
vake navanhu vazhinji kwazvo vakaendawo naye. 12 Kuzoti ave kuswed-
era pasuo reguta, munhu akafa akanga akatakurwa achiburitswa kunze,
aingova mwanakomana mumwe chete wamai vake, uye vakanga vari
chirikadzi. Uye vanhu vazhinji kwazvo vaibva muguta vaiva navo.
13 Ishe akati achivaona, mwoyo wake wakavanzwira tsitsi, akati kwavari,
"Musachema."
14 Ipapo akaswedera pedyo akabata hwanyanza, uye vaya vakanga
vakamutakura vakamira. Akati, "Jaya, ndinoti kwauri, muka!" 15 Munhu
uya akanga afa akamuka akagara akatanga kutaura, uye Jesu akamupa
kuna mai vake.
16 Vose vakazadzwa nokutya vakarumbidza Mwari. Vakati, "Muprofita
mukuru amuka pakati pedu. Mwari auya kuzobatsira vanhu vake."
17 Shoko iri pamusoro paJesu rakapararira muJudhea yose nenyika dzose
dzakapoteredza.

### *Nhume dzakabva kuna Johani Mubhabhatidzi*

18 Vadzidzi vaJohani vakamuudza pamusoro pezvinhu izvi zvose.
Akadana vaviri vavo, 19 akavatuma kuna She kuti vandobvunza kuti,
"Ndimi here iye aifanira kuuya kana kuti tomirira mumwewo?"
20 Varume ava vakati vasvika kuna Jesu, vakati, "Johani Mubhabhatidzi
akatituma kwamuri kuti tizobvunza kuti, 'Ndimi here mainzi muchauya,
kana kuti timirire mumwewo?' "
21 Panguva iyoyo Jesu akaporesa vazhinji vakanga vane zvirwere, ma-
tenda nemweya yakaipa uye akasvinudza vazhinji vakanga vari mapofu.
22 Saka akapindura nhume achiti, "Dzokerai munoudza Johani zvamaona
nezvamanzwa zvokuti: Mapofu anosvinudzwa, zvirema zvinofamba, vaya
vana maperembudzi vanoporeswa, matsi dzinonzwa, vakafa vanomutswa
uye vhangeri riri kuparidzwa kuvarombo. 23 Akaropafadzwa munhu
asingagumbuswi nokuda kwangu."
24 Shure kwokubva kwenhume dzaJohani, Jesu akatanga kutaura ku-
vanhu vazhinji pamusoro paJohani achiti, "Makabuda mukaenda kurenje
kundooneiko? Rutsanga rwaizungunuswa nemhepo here? 25 Kana zvi-
sizvo, makabuda kundooneiko? Munhu akanga akafuka nguo dzakanaka
here? Kwete, vaya vanopfeka nguo dzomutengo mukuru uye vanogara
zvakanaka ndivo vari mumizinda. 26 Asi makabuda kundooneiko?
Muprofita here? Hongu, ndinokuudzai, uyewo anokunda muprofita.
27 Ndiye uya akanyorwa nezvake zvichinzi:
" 'Ndichatuma nhume yangu pamberi pako,
uyo achakugadzirira nzira yako pamberi pako.'
28 Ndinokuudzai kuti, pakati paavo vose vakaberekwa navakadzi hakuna
mukuru kuna Johani; asi muduku muumambo hwaMwari mukuru
kwaari."
29 Vanhu vose, kunyange navateresi, vakati vanzwa mashoko aJesu,
vakabvuma kuti nzira yaMwari yakarurama, nokuti vakanga vabhab-
hatidzwa naJohani. 30 Asi vaFarisi nenyanzvi dzomurayiro vakaramba
kuda kwaMwari pamusoro pavo, nokuti vakanga vasina kubhabhatidzwa
naJohani.
31 "Zvino, ndingafananidza rudzi rwakadai neiko? Vakafanana neiko?
32 Vakaita savana vagere pamusika vachidanidzira kuno mumwe no-
mumwe wavo vachiti:
" 'Takakuridzirai hwamanda,

asi hamuna kutamba;
takaimba rwiyo rworufu,
uye hamuna kuchema.'
33 Nokuti Johani Mubhabhatidzi akauya asingadyi chingwa uye asinganwi
waini, imi mukati, 'Ane dhimoni.' 34 Mwanakomana woMunhu akauya
achidya uye achinwa, imi mukati, 'Houno munhu wamadyo uye chid-
hakwa, shamwari yavateresi na"vatadzi".' 35 Asi uchenjeri hunoratidzwa
navana vahwo vose."

### *Jesu Anozodzwa Mafuta noMukadzi Mutadzi*

36 Zvino mumwe wavaFarisi akakoka Jesu kuti azodya naye, saka
akaenda kumba kwomuFarisi uyu akandogara kuti adye. 37 Mumwe
mukadzi womuguta umu akanga achirarama muzvivi akati anzwa
kuti Jesu akanga agere pakudya mumba momuFarisi, akauya nech-
inu chamafuta anonhuhwira chearabhasta, 38 akamira shure kwake
akatanga kuchema, uye akanyorovesa tsoka dzake nemisodzi yake. Ipapo
akadzipukuta nebvudzi romusoro wake, akadzitsvoda uye akadzizodza
mafuta anonhuhwira.
39 Zvino muFarisi uya akanga amukoka akati achiona izvi, akati
mumwoyo make, "Dai munhu uyu anga ari muprofita, angadai aziva kuti
mukadzi uyu amubata akaita sei, kuti mutadzi."
40 Jesu akamupindura akati, "Simoni, ndine chinhu chandinoda kuku-
taurira."
Iye akati, "Ndiudzei henyu mudzidzisi."
41 "Vamwe varume vaviri vakanga vane chikwereti kumunhu mumwe
chete. Mumwe akanga ane chikwereti chamadhenari mazana mashanu,
uye mumwe madhenari makumi mashanu. 42 Hakuna akanga ane mari
yokuripa chikwereti pavari vose vari vaviri, saka nyakukweretesa akadz-
ima zvikwereti zvavo vose. Zvino ndoupiko pauviri hwavo achanyanya
kumuda?"
43 Simoni akapindura akati, "Ndinofunga kuti ndouya akadzimirwa
chikwereti chikuru."
Jesu akati, "Wataura zvakanaka."
44 Ipapo akatendeukira kumukadzi ndokuti kuna Simoni, "Unoona here
mukadzi uyu? Ndapinda mumba mako; hauna kundipa kana mvura
yokugeza tsoka dzangu, asi uyu anyorovesa tsoka dzangu nemisodzi yake
uye akadzipukuta nebvudzi romusoro wake. 45 Iwe hauna kunditsvoda,
asi mukadzi uyu, kubvira panguva yandapinda, haana kurega kutsvoda
tsoka dzangu. 46 Iwe hauna kuzodza musoro wangu namafuta, asi iye
adira zvinonhuhwira patsoka dzangu. 47 Naizvozvo, ndinokuudza kuti
zvivi zvake zvizhinji zvaregererwa nokuti iye ada zvikuru. Asi uya
akaregererwa zvishoma, anodawo zvishoma."
48 Ipapo Jesu akati kwaari, "Zvivi zvako zvaregererwa."
49 Vamwe vakanga vakokwa vakatanga kutaura pakati pavo vachiti,
"Ndianiko uyu anoti kunyange nezvivi anokanganwira?"
50 Jesu akati kumukadzi, "Kutenda kwako kwakuponesa; chienda
norugare."

# 8

### *Mufananidzo woMukushi*

1 Shure kwaizvozvo, Jesu akafamba nomumaguta nomumisha,
achiparidza vhangeri roumambo hwaMwari. Vane gumi navaviri

vakanga vanaye, 2 uye vamwewo vakadzi vakanga vaporeswa pazvirwere
nemweya yakaipa vaiti: Maria (ainzi Magadharena) uya akanga abudiswa
mweya yakaipa minomwe maari, 3 Joana mukadzi waKuza, mutariri
weimba yaHerodhi, Suzana, navamwe vazhinji. Vakadzi ava vaivabatsira
nokuvatsigira nezvavaiva nazvo.
4 Ungano huru yakati yavapo, vanhu vachibva kumaguta namaguta
vachiuya kuna Jesu, akavataurira mufananidzo uyu: 5 "Murimi akabuda
kundokusha mbeu yake. Paakanga achikusha mbeu, imwe yakawira
munzira, ikatsikwa-tsikwa uye shiri dzedenga dzikaidya. 6 Imwe yakawira
parukangarahwe, uye payakamera, yakasvava nokuti pakanga pasina
unyoro. 7 Imwe mbeu yakawira pakati peminzwa, minzwa ikakura
pamwe chete nayo ikaivhunga. 8 Asi imwe mbeu yakawira pavhu
rakanaka. Yakamera ikabereka zvibereko, zvakapetwa kazana pane
zvakanga zvadyarwa."
Akati ataura izvi, akadanidzira akati, "Ane nzeve dzokunzwa,
ngaanzwe."
9 Vadzidzi vake vakamubvunza kuti mufananidzo uyu wairevei. 10 Iye
akati, "Kuziva zvakavanzika zvoumambo hwaMwari kwakapiwa kwa-
muri, asi kuna vamwe, ndinotaura nomufananidzo kuitira kuti,
" 'kunyange vachitarira, varege kuonesesa;
kunyange vachinzwa, varege kunzwisisa.'
11 "Izvi ndizvo zvinoreva mufananidzo: Mbeu ndiro shoko raMwari.
12 Dziya dzakawira munzira ndivo vaya vanonzwa, ipapo dhiabhori
anouya uye agovatorera shoko pamwoyo yavo, kuitira kuti varege kutenda
vagoponeswa. 13 Dziya dzakawira parukangarahwe, ndivo vaya vanoga-
muchira shoko nomufaro kana varinzwa, asi havana mudzi. Vanongo-
tenda kwechinguva, asi munguva dzokuedzwa vanowira pasi. 14 Mbeu
yakawira muminzwa yakamirira vaya vanonzwa asi pakufamba kwavo
vanovhungwa nokufunganya kwoupenyu, upfumi namafaro, havazosviki
pakubereka zvibereko. 15 Asi mbeu yapavhu rakanaka inomirira vaya
vane mwoyo yakatendeka uye yakanaka, vanonzwa shoko, vorichengeta,
uye nokuda kwokutsungirira kwavo vanobereka zvibereko.

### *Mwenje uri paChigadziko*

16 "Hakuna munhu anotungidza mwenje obva auvanza pasi pedengu
kana kuuisa pasi pomubhedha. Asi, anouisa pamusoro pechigadziko,
kuitira kuti vose vanopinda vavhenekerwe. 17 Nokuti hakuna chaka-
vanzika chisingazobudiswi pachena, uye hakuna chakavigwa chisinga-
zozivikanwi kana kuiswa pachena. 18 Naizvozvo nyatsofungisisai kuti
munonzwa sei. Ani naani anazvo achapiwa zvakawanda, ani naani asina,
achatorerwa kunyange nezvaanofunga kuti anazvo."

### *Mai vaJesu naVanun'una Vake*

19 Zvino mai vaJesu navanun'una vake vakauya kuzomuona, asi
vakanga vasingagoni kuswedera pedyo naye nokuda kwavanhu vazhinji.
20 Mumwe akati kwaari, "Mai venyu navanun'una venyu vamire kunze,
vanoda kukuonai."
21 Akapindura akati, "Mai vangu navanun'una vangu ndivo avo
vanonzwa shoko raMwari vachiriita."

### *Jesu Anonyaradza Dutu*

22 Rimwe zuva Jesu akati kuvadzidzi vake, "Ngatiyambukirei mhiri
kwegungwa." Naizvozvo vakapinda mugwa vakatanga kufamba.

23 Pavakanga vachifamba, akavata. Dutu guru rakauya mugungwa,
zvokuti igwa rakanga rava kunyura, uye vakanga vava munjodzi huru.
24 Vadzidzi vakaenda vakandomumutsa vachiti, “Tenzi, Tenzi, tava
kunyura!”
Ipapo akamuka akarayira mhepo namafungu emvura zhinji, dutu
rikaserera, uye kukadzikama kwazvo. 25 Akabvunza vadzidzi vake akati,
“Kutenda kwenyu kuripiko?”
Mukutya kwavo nokushamiswa kwavo, vakabvunzana pakati pavo
vachiti, “Ndianiko uyu? Anorayira kunyange mhepo nemvura zvichimu-
teerera.”

### *Kuporeswa kwoMunhu Akanga Akabatwa noMweya Wakaipa*

26 Vakasvika kunyika yavaGerase, iri mhiri kwegungwa reGarirea.
27 Jesu akati ayambuka gungwa, akasangana nomurume akanga akabatwa
nedhimoni achibva muguta. Murume uyu akanga asingapfeki nguo
kwenguva refu kana kugara mumba, asi aigara kumakuva. 28 Akati
aona Jesu, akadanidzira akawira pamakumbo ake, akati nenzwi guru,
“Munodeiko kwandiri, Jesu, Mwanakomana waMwari Wokumusoro-soro?
Ndinokukumbirisai, regai kunditambudza!” 29 Nokuti Jesu akanga arayira
mweya wakaipa kuti ubude maari. Kazhinji waimubata, uye kunyange
akange akasungwa nengetani mumaoko nomumakumbo uye akarindwa,
aidambura ngetani obva aendeswa nedhimoni kurenje.
30 Jesu akamubvunza akati, “Zita rako ndiwe ani?”
Akapindura akati, “Regioni,” nokuti madhimoni mazhinji akanga
apinda maari. 31 Uye akaramba achimunyengetedza kuti arege kuarayira
kuti aende kugomba rakadzika.
32 Pakanga pane boka guru renguruve raifura mujinga mechikomo.
Madhimoni akakumbirisa Jesu kuti aabvumire kupinda madziri, akaaten-
dera. 33 Madhimoni akati abuda mumunhu uyo akandopinda munguruve,
uye boka renguruve rakamhanyira kumawere kugungwa rikanyuramo.
34 Vaifudza nguruve vakati vaona zvakanga zvaitika, vakatiza vakan-
dozivisa izvi muguta nomuruwa, 35 uye vanhu vakabuda kunoona
zvakanga zvaitika. Vakati vasvika kuna Jesu vakawana murume akanga
abuda madhimoni maari, agere patsoka dzaJesu, apfeka uye ava munhu
kwaye, vakatya. 36 Vaya vakanga vazviona vakaudza vanhu kuti murume
akanga ane dhimoni ainge aporeswa sei. 37 Ipapo vanhu vose vomunyika
yeGerase vakakumbira Jesu kuti abve kwavari, nokuti vakanga vabatwa
nokutya. Saka akapinda mugwa akaenda.
38 Murume akanga abuda madhimoni maari akamukumbirisa kuti
aende naye, asi Jesu akamuendesa achiti, 39 “Dzokera kumba kwako
undotaura kuti Mwari akuitira zvinhu zvakaita sei.” Saka murume uyu
akaenda akandotaura muguta rose zvinhu zvikuru zvaakanga aitirwa
naJesu.

### *Musikana Akanga Afa noMukadzi Airwara*

40 Zvino Jesu akati adzoka, akagamuchirwa navanhu vazhinji, nokuti
vakanga vakamutarisira. 41 Ipapo murume ainzi Jairosi, mubati wesina-
goge, akauya akawira patsoka dzaJesu, akamukumbirisa kuti auye kumba
kwake 42 nokuti mwanasikana wake akanga achingova mumwe oga,
musikana aiva namakore anenge gumi namaviri, akanga ava kufa.
Jesu akati achiendako, vanhu vazhinji vakange vachamutsikirira. 43 Uye
paiva nomumwe mukadzi aiva nechirwere chokubuda ropa kwamakore

gumi namaviri, asi kusina munhu aigona kumuporesa. 44 Akauya neshure
kwaJesu akabata mupendero wenguo yake, pakarepo kubuda kweropa
kukabva kwaguma.

45 Jesu akati, “Ndianiko andibata?”

Vose vakati varamba kubvuma, Petro akati, “Tenzi, vanhu vari kukumo-
moterai nokukutsimbirirai.”

46 Asi Jesu akati, “Pane mumwe andibata; ndinoziva nokuti simba
rabuda mandiri.”

47 Ipapo mukadzi akati aona kuti haangavandi, akauya achidedera
akasvikowira patsoka dzake. Pamberi pavanhu vose akamuudza kuti sei
akanga amubata, uye kuti akanga apora sei pakarepo. 48 Ipapo akati
kwaari, “Mwanasikana, kutenda kwako kwakuporesa. Enda norugare.”

49 Jesu achiri kutaura, mumwe aibva kumba kwaJairosi, mubati wesina-
goge, akasvika akati, “Mwanasikana wenyu afa. Chiregai henyu kuramba
muchinetsa mudzidzisi.”

50 Jesu akati anzwa izvi, akati kuna Jairosi, “Usatya; tenda chete,
achaporeswa.”

51 Akati asvika kumba kwaJairosi, haana kutendera ani zvake kuti
apinde naye kunze kwaPetro, Johani naJakobho, uye nababa namai
vomwana. 52 Panguva iyi, vanhu vose vainge vachiungudza uye
vachimuchema. Jesu akati, “Nyararai kuchema. Haana kufa asi avete.”

53 Vakamuseka, nokuti vaiziva kuti akanga afa. 54 Asi akamubata ruoko
akati, “Mwanangu, muka!” 55 Mweya wake wakadzokera maari, pakarepo
akasimuka. Ipapo Jesu akavarayira kuti vamupe zvokudya. 56 Vabereki
vake vakashamiswa, asi akavarayira kuti vasaudze munhu zvakanga
zvaitika.

# 9

*Jesu Anotuma Vane Gumi naVaviri*

1 Jesu akati aunganidza vane Gumi naVaviri vake pamwe chete, akavapa
simba nechikuriri kuti vadzinge madhimoni uye vaporese vakanga vane
zvirwere, 2 akavatuma kuti vandoparidza umambo hwaMwari uye van-
doporesa vairwara. 3 Akavarayira achiti, “Musatakura chinhu parwendo,
mudonzvo, kana hombodo, kana chingwa, kana mari, kana imwe nguo.
4 Muimba ipi neipi yamunopinda, mugaremo kusvikira mabva muguta
imomo. 5 Kana vanhu vasingakugamuchiriyi, muzunze guruva retsoka
dzenyu pamunenge mabuda muguta ravo, chive chapupu pamusoro
pavo.” 6 Saka vakasimuka vakabuda vakaenda kumusha nomusha,
vachiparidza vhangeri nokuporesa vanhu kwose kwose.

7 Zvino Herodhi mubati akanzwa pamusoro pezvose zvakanga zvichi-
itika. Akakanganisika, nokuti vamwe vakanga vachiti Johani akanga
amutswa kubva kuvakafa, 8 vamwe vachiti Eria akanga aonekwa, uyezve
vamwe vachiti mumwe wavaprofita vakare akanga amuka. 9 Asi Herodhi
akati, “Johani ndakamugura musoro. Zvino, ndianiko uyu wandinonzwa
zvinhu zvakadai pamusoro pake?” Akaedza kuti amuone.

*Vanhu Zviuru Zvishanu Vanopiwa Zvokudya*

10 Vapostori vakati vadzoka, vakarondedzera kuna Jesu zvavakanga
vaita. Ipapo akavatora vakabva muchivande vakaenda kuguta rainzi
Bhetisaidha, 11 asi vazhinji vakazviziva vakamutevera. Akavagamuchira
akataura kwavari nezvoumambo hwaMwari, akaporesa avo vakanga
vachida kuporeswa.

12 Zuva rovira, vane Gumi Navaviri vakauya kwaari vakati, "En-
desai vanhu vazhinji ava kuitira kuti vaende kumisha nokumaruwa akapoteredza kuti vandozvitsvakira zvokudya nepokurara, nokuti tiri musango muno."
13 Akavapindura akati, "Vapei imi zvokudya."
Ivo vakati, "Tinongova nezvingwa zvishanu nehove mbiri, kunze
kwokunge tandotenga zvokudya zvavanhu vazhinji vose ava." 14 Pakanga
pane varume vangasvika zviuru zvishanu.
Asi iye akati kuvadzidzi vake, "Vagarisei pasi vari mumapoka avanhu
vangasvika makumi mashanu paboka rimwe nerimwe." 15 Vadzidzi
vakaita saizvozvo, uye munhu wose akagara pasi. 16 Akati atora zvingwa
zvishanu nehove mbiri akatarisa kudenga, akavonga ndokuzvimedura.
Ipapo akazvipa kuvadzidzi kuti vaise pamberi pavanhu. 17 Vose
vakadya vakaguta, uye vadzidzi vakanonga matengu azere gumi namaviri ezvimedu zvakanga zvasara.

### *Petro Anopupura kuti Jesu Ndiye Kristu*

18 Rimwe zuva Jesu akati achinyengetera ari oga uye vadzidzi vake vakanga vanaye, akavabvunza akati, "Vanhu vazhinji vanoti ndini aniko?"
19 Vakapindura vakati, "Vamwe vanoti Johani Mubhabhatidzi, vamwe vachiti Eria, uye vamwezve vachiti, mumwe wavaprofita vakare akamuka kubva kuvakafa."
20 Akati kwavari, "Asi, ko, imi munoti ndini ani?"
Petro akapindura akati, "Ndimi Kristu waMwari."
21 Jesu akavayambira zvikuru kuti varege kutaura izvi kuna ani
zvake. 22 Akatizve, "Mwanakomana woMunhu anofanira kutambudzika pazvinhu zvizhinji agorambwa navakuru, vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro, uye anofanira kuurayiwa agomuka pazuva retatu."
23 Ipapo akati kwavari vose, "Kana munhu achida kunditevera, anofanira kuzviramba atore muchinjikwa wake zuva rimwe nerimwe
agonditevera. 24 Nokuti ani naani anoda kuponesa upenyu hwake
acharasikirwa nahwo, asi ani naani anorasikirwa noupenyu hwake
nokuda kwangu achahuponesa. 25 Ko, munhu achabatsirwei kana
akawana nyika yose, asi agorasikirwa noupenyu hwake. 26 Kana munhu
akanyara pamusoro pangu namashoko angu, Mwanakomana woMunhu achanyarawo pamusoro pake paanouya mukubwinya nomukubwinya
kwaBaba nokwavatumwa vatsvene. 27 Ndinokuudzai chokwadi, kuti
vamwe vamire pano havazofi vasati vaona umambo hwaMwari."

### *Kubwinya kwaJesu paGomo*

28 Mazuva angasvika masere akati apera, shure kwokunge Jesu ataura izvozvo, akatora Petro naJohani naJakobho pamwe chete naye akakwira
mugomo kundonyengetera. 29 Akati achinyengetera, kuonekwa kwechiso chake kwakashanduka, nguo dzake dzikachena dzikapenya sokupenya
kwemheni. 30 Varume vaviri, Mozisi naEria, 31 vakaonekwa vari mukub-
winya, vachitaura naJesu. Vakataura pamusoro pokuzoenda kwake,
kwaakanga ondozadzisa paJerusarema. 32 Petro navaaiva navo vakanga
vava kubatwa nehope, asi vakati vanyatsomuka, vakaona kubwinya
kwake uye varume vaviri vamire naye. 33 Varume ava vakati vobva
pana Jesu, Petro akati kwaari, "Tenzi, zvakanaka kuti isu tigare pano. Ngativakei matumba matatu, rimwe renyu, rimwe raMozisi uye rimwe raEria." Akanga asingazivi zvaaireva.

34 Akati achiri kutaura izvi, gore rakasvika rikavafukidza, uye vakatya
pavakapinda mugore. 35 Inzwi rakabva mugore, rikati, "Uyu ndiye
Mwanakomana wangu, musanangurwa wangu; muteererei." 36 Inzwi
rakati rataura izvozvo, vakaona Jesu ava oga. Vadzidzi vakanyarara,
vakasaudza munhu zvavakanga vaona panguva iyoyo.

### *Kuporeswa kwoMukomana Akanga Ano Mweya Wakaipa*

37 Fume mangwana, pavakaburuka mugomo, vazhinji zhinji vakasan-
gana naye. 38 Mumwe murume akanga ari pakati pavanhu vazhinji
akadanidzira achiti, "Mudzidzisi, ndinokukumbirai kuti muonewo
mwanakomana wangu, nokuti ndiye oga mwana wangu. 39 Mweya
wakaipa unomubata pakarepo oridza mhere; wobva womubvundisa
achipupuma furo pamuromo. Haudi kumuregedza uye unomuparadza.
40 Ndakakumbira vadzidzi venyu kuti vaudzinge, asi vakasagona."
41 Jesu akapindura akati, "Haiwa rudzi rusingatendi, rwakatsauka,
ndichagara nemi kusvikira riniko ndichikuitirai mwoyo murefu? Uyai
pano nomwanakomana wenyu."
42 Kunyange pakanga pachiuya mukomana, dhimoni rakamuwisira pasi
rikamubvundisa. Asi akarayira mweya wakaipa, akaporesa mukomana
ndokubva amudzosera kuna baba vake. 43 Uye vose vakashamiswa
noukuru hwaMwari.
Vanhu vose pavakanga vachakashamiswa nezvose zvakanga zvaitwa
naJesu, akati kuvadzidzi vake, 44 "Teereresai kune zvandiri kuda kukutau-
rirai: Mwanakomana woMunhu ava kuzopandukirwa agoiswa mumaoko
avanhu." 45 Asi havana kunzwisisa kuti zvairevei. Zvakanga zvakavanzika
kwavari, naizvozvo havana kuzvibata, uye vakanga vachitya kumubvunza
pamusoro pazvo.

### *Ndiani achava mukuru?*

46 Nharo dzakatanga pakati pavadzidzi dzokuti mukuru ndiani. 47 Jesu,
achiziva kufunga kwavo, akatora mwana muduku ndokumumisa parutivi
rwake. 48 Ipapo akati kwavari, "Ani naani anogamuchira mwana muduku
uyu muzita rangu anondigamuchira; uye ani naani anondigamuchira,
anogamuchira uyo akandituma. Nokuti muduku pakati penyu mose ndiye
mukuru."
49 Johani akati, "Tenzi, takaona mumwe murume achidzinga madhimoni
muzita renyu uye tikaedza kumudzivisa, nokuti haazi mumwe wedu."
50 Jesu akati, "Musamudzivisa, nokuti ani naani asingapesani nemi
ndowenyu."

### *VaSamaria vanoramba kugamuchira Jesu*

51 Nguva yakati yasvika yokuti akwidzwe kudenga, Jesu akafunga
zvokuenda kuJerusarema. 52 Uye akatuma nhume pamberi pake,
dzikapinda mumusha weSamaria kundofanomugadzirira zvinhu; 53 asi
vanhu voko havana kumugamuchira, nokuti akanga ava kuenda ku-
Jerusarema. 54 Vadzidzi Jakobho naJohani vakati vaona izvi, vakabvunza
vakati, "Ishe, munoda here kuti tidane moto uburuke kubva kudenga kuti
uvaparadze?" 55 Asi Jesu akatendeuka akavatsiura, 56 uye akabva akaenda
kuno mumwe musha.

### *Mutengo woKutevera Jesu*

57 Vakati vachifamba mumugwagwa, mumwe murume akati,
"Ndichakuteverai kwose kwamunoenda."

58 Jesu akapindura akati, “Makava ane mwena yawo uye shiri dzedenga
dzine matendere adzo, asi Mwanakomana woMunhu haana paangat-
samidza musoro wake.”
59 Akati kuno mumwe murume, “Nditevere.”
Asi murume uyu akapindura akati, “Ishe, nditenderei kuti ndinoviga
baba vangu.”
60 Jesu akati kwaari, “Rega vakafa vavige vakafa vavo, asi iwe enda
undoparidza umambo hwaMwari.”
61 Mumwezve akati, “Ndichakuteverai, Ishe; asi kutanga regai ndimbon-
doonekana nemhuri yangu.”
62 Jesu akapindura akati, “Hakuna munhu anoti kana akaisa
ruoko rwake pagejo akacheuka angafanirwa nokushumira muumambo
hwaMwari.”

# 10

*Jesu Anotuma vana Makumi Manomwe*

1 Shure kwaizvozvo Ishe akagadza vamwe makumi manomwe aka-
vatuma achiita vaviri vaviri pamberi pake kumaguta nokunzvimbo
dzose kwaakanga achizoenda. 2 Akati kwavari, “Kukohwa kukuru, asi
vashandi vashoma. Naizvozvo kumbirai kuna She wokukohwa, kuti
atume vashandi mumunda wake wokukohwa. 3 Endai! Ndiri kukutumai
samakwayana pakati pamapere. 4 Musatora chikwama, kana hombodo,
kana shangu; uye musakwazisa munhu panzira.
5 “Pamunopinda mumba, mutange namashoko okuti, ‘Rugare ngaruve
muimba ino.’ 6 Kana munhu worugare arimo, rugare rwenyu ruchazorora
pamusoro pake; kana zvikasadaro, ruchadzokera kwamuri. 7 Garai
muimba iyoyo muchidya nokunwa zvose zvavanokupai nokuti mubati
akafanirwa nomubayiro wake. Musapota-pota nedzimba.
8 “Pamunopinda muguta uye vakakugamuchirai, mudye zvose zvi-
noiswa pamberi penyu. 9 Poresai vanorwara varimo mugovaudza
kuti, ‘Umambo hwaMwari hwaswedera.’ 10 Asi pamunopinda muguta
uye mukasagamuchirwa, muende munzira dzaro mugoti, 11 ‘Kunyange
neguruva reguta renyu rakanamatira patsoka dzedu tinoripukuta
nokuda kwenyu. Asi muzive izvi: Umambo hwaMwari hwaswedera.’
12 Ndinokuudzai kuti pazuva iro, Sodhomu richarerukirwa kwazvo kup-
fuura guta iroro.
13 “Une nhamo iwe, Korazini! Une nhamo iwe, Bhetisaidha! Nokuti
dai zvishamiso zvakaitwa mauri zvakanga zvaitwa muTire neSidhoni,
vangadai vakatendeuka kare, vakagara mumadota vakafuka masaga.
14 Asi Tire neSidhoni zvicharerukirwa pakutongwa kupfuura imi. 15 Uye
iwe, Kapenaume, uchasimudzirwa kudenga here? Kwete, uchaburuka
kwakadzika.
16 “Anokunzwai imi, anondinzwa ini; uyo anokurambai imi, anondiram-
bawo ini; asi uyo anondiramba, anoramba iye akandituma.”
17 Vana makumi manomwe vakadzoka nomufaro vakati, “Ishe, kun-
yange madhimoni anozviisa pasi pedu muzita renyu.”
18 Akati kwavari, “Ndakaona Satani achiwa kubva kudenga semheni.
19 Ndakupai simba rokuti mutsike pamusoro penyoka nezvinyavada
uye kuti mukunde simba rose romuvengi; hakuna chichakukuvadzai.
20 Kunyange zvakadaro hazvo, musafara nokuti mweya yakaipa inozviisa
pasi penyu, asi farai kuti mazita enyu akanyorwa kudenga.”

21 Panguva iyoyo Jesu azere nomufaro kubudikidza noMweya Mutsvene,
akati, "Ndinokuvongai, Baba, Ishe wokudenga nepasi, nokuti makavanzira
vakachenjera navakadzidza zvinhu izvi, mukazvizarurira kuvacheche.
Hongu, Baba nokuti zvakakufadzai.
22 "Zvinhu zvose ndakazvipiwa naBaba vangu. Hakuna munhu anoziva
kuti Mwanakomana ndiani kunze kwaBaba, uye hakuna munhu anoziva
kuti Baba ndiani kunze kwoMwanakomana naavo Mwanakomana vaa-
nenge asarudza kuvazarurira."
23 Ipapo akatendeukira kuvadzidzi vake vari voga akati,
"Akaropafadzwa meso anoona zvamuoona, 24 nokuti ndinokuudzai
kuti vaprofita vazhinji namadzimambo vaida kuona zvamunoona asi
havana kuzviona, uye nokunzwa zvamunonzwa asi havana kuzvinzwa."

### *Mufananidzo woMuSamaria Akanaka*

25 Mumwe musi mududziri womurayiro akasimuka kuti aedze Jesu.
Akati, "Mudzidzisi ndinofanira kuiteiko kuti ndiwane nhaka youpenyu
husingaperi?"
26 Iye akapindura akati, "Mumurayiro makanyorweiko? Unouverenga
seiko?"
27 Akapindura akati, " 'Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose, uye
nomweya wako wose, uye nesimba rako rose nokufunga kwako kwose,'
uye 'Ida muvakidzani wako sokuda kwaunozviita iwe.' "
28 Jesu akapindura akati, "Wapindura zvakanaka. Ita izvozvo ugo-
rarama."
29 Asi iye akanga achida kuzviruramisa, saka akabvunza Jesu akati,
"Muvakidzani wangu ndianiko?"
30 Jesu akapindura akati, "Mumwe murume aiburuka achibva ku-
Jerusarema achienda kuJeriko, paakawira mumaoko amakororo. Vaka-
mubvisa nguo dzake, vakamurova ndokuenda zvavo, vachimusiya oda
kufa. 31 Zvakaitika kuti mumwe muprista akafambawo nenzira iyoyo,
uye akati achiona murume uyo, akamunyenyeredza. 32 Saizvozvowo,
muRevhi akasvika panzvimbo iyoyo akamuona, akamunyenyeredzawo.
33 Asi muSamaria, aiva parwendo, akasvika pakanga pano murume uya;
uye akati achimuona, akamunzwira tsitsi. 34 Akaenda paari akamusunga
maronda ake, akaadira mafuta newaini. Ipapo akamutora akamuk-
widza pambongoro yake, akamuendesa kuimba yavaeni, akamuchengeta.
35 Fume mangwana akatora mari yesirivha akaipa kumuchengeti weimba
yavaeni. Akati kwaari, 'Muchengetei uye pandinodzoka, ndichakuripirai
zvose zvamunenge mawedzera pane zvandakupai.'
36 "Ndianiko pavanhu vatatu ava waunofunga kuti akanga ari mu-
vakidzani kuna iye akawira mumaoko amakororo?"
37 Mududziri womurayiro akati, "Uyo akamunzwira tsitsi."
Jesu akati kwaari, "Enda unoita saizvozvo."

### *Jesu Anoshanyira Marita naMaria*

38 Jesu navadzidzi vake pavakanga vachifamba, vakasvika pano mumwe
musha; mumwe mukadzi ainzi Marita akamugamuchira mumba make.
39 Akanga ano munun'una wake ainzi Maria, uyo akagara patsoka
dzaShe achiteerera kune zvaakanga achitaura. 40 Asi Marita akatadziswa
kuteerera nokuda kwokugadzirira kwose kwaifanira kuitwa. Akauya
kwaari akati, "Ishe hamuna hanya here kuti munun'una wangu andisiya
ndichingoshanda ndoga? Muudzei kuti andibatsirewo!"

[41] Ishe akapindura akati, “Marita, Marita, uri kufunganya nokugum-
burwa pamusoro pezvinhu zvizhinji, [42] asi pane chinhu chimwe chete
chinodikanwa. Maria asarudza chinhu chiri nani, uye haazochitorerwi.”

# 11

*Kudzidzisa kwaJesu pamusoro poKunyengetera*

[1] Mumwe musi Jesu akanga achinyengetera ari pane imwe nzvimbo.
Akati apedza, mumwe wavadzidzi vake akati kwaari, “Ishe, tidzidzisei
kunyengetera, saJohani akadzidzisa vadzidzi vake.”

[2] Iye akati kwavari, “Kana muchinyengetera, muti:
“ ‘Baba vedu vari kudenga,
zita renyu ngarikudzwe noutsvene.
Umambo hwenyu ngahuuye. Kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvi-
noitwa kudenga.
[3] Tipei zuva nezuva chingwa chedu chamazuva namazuva.
[4] Uye mutiregerere zvivi zvedu;
nokuti nesuwo tinoregerera vose vanotitadzira.
Musatitungamirira mukuedzwa; uye mutinunure pane zvakaipa.’ ”

[5] Ipapo akati kwavari, “Kana mumwe wenyu ane shamwari, uye
akaenda kwaari pakati pousiku akati, ‘Shamwari, ndikweretesewo zv-
ingwa zvitatu, [6] nokuti shamwari yangu iri parwendo yasvika kwangu,
uye ini handina chandingamupa.’

[7] “Ipapo uya ari mukati akati, ‘Rega kundinetsa. Mukova wangu watop-
figwa, uye vana vangu neni tavata. Handikwanisi kumuka kuti ndikupe
kana chinhu.’ [8] Ndinokuudzai, kuti kunyange asingazomuki kuti amupe
chingwa nokuda kwokuti ishamwari yake, asi nokuda kwokushingirira
kwomunhu uyu, achamuka agomupa zvose zvaanoda.

[9] “Saka ndinoti kwamuri: Kumbirai, muchapiwa, tsvakai, muchawana;
gogodzai, muchazarurirwa mukova. [10] Nokuti ani naani anokumbira
achapiwa; anotsvaka achawana; anogogodza, achazarurirwa mukova.

[11] “Ndiani pakati penyu vanababa, angati, kana mwanakomana wake
amukumbira hove, omupa nyoka pachinzvimbo chehove? [12] Kana
kuti akakumbira zai, angamupa chinyavada here? [13] Zvino kana imi,
kunyange makaipa zvenyu, muchiziva kupa zvipo zvakanaka kuvana
venyu, Baba venyu vari kudenga vachapa zvikuru sei Mweya Mutsvene
kuna vanomukumbira!”

*Jesu naBheerizebhubhi*

[14] Jesu akanga achidzinga dhimoni raiva mbeveve. Dhimoni
rakati rabva, munhu uya akanga ari mbeveve akataura, uye vazhinji
vakashamiswa nazvo. [15] Asi vamwe vavo vakati, “Anodzinga dhimoni
naBheerizebhubhi, muchinda mukuru wamadhimoni.” [16] Vamwewo
vakamuedza nokumukumbira chiratidzo.

[17] Jesu akaziva ndangariro dzavo akati kwavari, “Umambo hupi
zvahwo hunozvipesanisa huchaparadzwa, uye imba inozvipesanisa
ichawa. [18] Kana Satani achizvipesanisa, umambo hwake hungamira seiko?
Ndinotaura izvi nokuti imi munonditi ndinobudisa madhimoni naBheerizeb-
hubhi. [19] Zvino kana ndichibudisa madhimoni naBheerizebhubhi, ko,
vanakomana venyu vanoabudisa naani? Saka zvino, ivo vachava vatongi
venyu. [20] Asi kana ndichidzinga madhimoni nomunwe waMwari, ipapo
umambo hwaMwari hwasvika kwamuri.

21 "Kana munhu ane simba, akanyatsoshonga nhumbi dzake dzokurwa,
akachengeta imba yake, pfuma yake inochengetedzeka. 22 Asi kana
mumwe ane simba akamurwisa uye akamukunda, anomutorera nhumbi
dzokurwa dzaanga achivimba nadzo agogova zvaanenge apamba.
23 "Ani naani asiri kudivi rangu anorwa neni, uye asingaunganidzi
pamwe chete neni, anoparadzira.
24 "Kana mweya wakaipa ukabuda mumunhu, unopinda nomunzvimbo
dzakaoma uchitsvaka zororo ugorishayiwa. Ipapo unoti, 'Ndichadzokera
kumba kwandakabva.' 25 Paunosvika, unowana imba yakatsvairwa,
yanaka uye igere zvakanaka. 26 Ipapo unobuda wondotsvaka mimwe
mweya minomwe yakaipa kupfuura iwo, igopinda yondogaramo. Uye
magumo omunhu uyo akaipa kupfuura okutanga."
27 Jesu akati achiri kutaura zvinhu izvi, mumwe mukadzi aiva pakati pa-
vanhu vazhinji akadanidzira achiti, "Vakaropafadzwa mai vakakuzvarai
vakakuyamwisai."
28 Akapindura akati, "Asi vakaropafadzwa avo vanonzwa shoko
raMwari uye vachiriteerera."

### *Chiratidzo chaJona*

29 Vanhu vakati vachiwanda, Jesu akati kwavari, "Rudzi urwu
rwakaipa. Runokumbira chiratidzo, asi harungapiwi chiratidzo kunze
kwechaJona. 30 Nokuti sezvo Jona akanga ari chiratidzo kuvaNinevhe,
saizvozvowo ndizvo zvichaita Mwanakomana woMunhu kurudzi urwu.
31 Mambokadzi weZasi achasimuka pakutongwa navarume vorudzi urwu
agovapa mhosva; nokuti akabva kumagumo enyika kuzonzwa uchenjeri
hwaSoromoni, zvino mukuru kuna Soromoni ari pano. 32 Varume
veNinevhe vachasimuka pakutongwa norudzi urwu vagorupa mhosva;
nokuti ivo vakatendeuka pakuparidza kwaJona, zvino mukuru kuna Jona
ari pano.

### *Mwenje woMuviri*

33 "Hakuna munhu anotungidza mwenje agouisa panzvimbo yakavanda,
kana pasi pedengu. Asi anouisa pachigadziko, kuitira kuti vose vanopinda
mumba vaone chiedza. 34 Ziso rako ndiwo mwenje womuviri wako.
Kana meso ako akanaka, muviri wako wosewo uzere nechiedza. Asi
kana akaipa, muviri wakowo uzere nerima. 35 Chenjererai kuti chiedza
chiri mamuri chirege kuva rima. 36 Naizvozvo kana muviri wako wose
uzere nechiedza, uye pasina chikamu chawo chine rima, uchavhenekerwa
zvakakwana, sezvinoita chiedza chomwenje pachinovhenekera pauri."

### *Matambudziko Matanhatu*

37 Jesu akati apedza kutaura, mumwe muFarisi akamukoka kuti azodya
naye; saka akaenda, akapinda akagara naye pakudya. 38 Asi muFarisi
akaona kuti Jesu akanga asina kutanga ageza asati adya, zvikamushamisa.
39 Ipapo Ishe akati kwaari, "Zvino, imi vaFarisi munosuka kunze
kwomukombe nendiro, asi mukati menyu muzere nokukara nokuipa.
40 Imi mapenzi avanhu! Ko, akaita kunze haaziye akaitawo nomukati
here? 41 Asi ipai zviri mukati mendiro sezvipo kuvarombo, uye ipapo
zvose zvichava zvakachena kwamuri.
42 "Mune nhamo imi vaFarisi, nokuti munopa kuna Mwari chegumi che-
mindi, nerui nezvimwe zvirimwa zvomubindu romuriwo, asi muchirega
kururamisira, norudo rwaMwari. Maifanira kuzviita izvi musingasiyi
zvokutanga zvisati zvaitwa.

43 “Mune nhamo imi vaFarisi, nokuti munoda zvigaro zvapamusoro
mumasinagoge nokukwaziswa pamisika.”

44 “Mune nhamo imi, nokuti makaita samakuva asina mucherechedzo,
vanhu vanofamba napamusoro pawo vasingazvizivi.”

45 Mumwe wavadudziri vomurayiro akamupindura akati, “Mudzidzisi,
kana muchitaura izvi, munotuka nesuwo.”

46 Jesu akapindura akati, “Mune nhamo nemiwo vadudziri vomurayiro,
nokuti munoremedza vanhu nemitoro yavasingagoni kutakura, asi imi
pachenyu hamutongosimudzi munwe wenyu kuti muvabatsire.

47 “Mune nhamo imi, nokuti munovaka marinda avaprofita, uye
madzitateguru enyu ariwo akavauraya. 48 Saka muri kupupura kuti
munotenderana nezvakaitwa namadzitateguru enyu; vakauraya vaprof-
ita uye imi munovaka marinda avo. 49 Nokuda kwaizvozvo, Mwari
muuchenjeri hwake akati, ‘Ndichatumira vaprofita navapostori, vamwe
vavo vachavauraya uye vachatambudza vamwe.’ 50 Naizvozvo rudzi urwu
ruchava nemhosva yeropa ravaprofita vose, rakadeurwa kubva paku-
vamba kwenyika, 51 kubva paropa raAbheri kusvikira kuropa raZekaria,
uyo akaurayiwa pakati pearitari neimba tsvene. Hongu, ndinoti kwamuri,
rudzi urwu ruchava nemhosva yezvinhu izvi zvose.

52 “Mune nhamo imi, vadudziri vomurayiro, nokuti makabvisa kiyi
yokuziva. Imi pachenyu hamuna kupinda, uye makadzivisa vaya vakanga
vachipinda.”

53 Jesu akati abva ipapo, vaFarisi navadzidzisi vomurayiro vakatanga
kumupikisa zvikuru nokumubvunza mibvunzo yakawanda, 54 vachimirira
kuti vamubate pane zvaaizotaura.

# 12

*Jesu Anorayira Vadzidzi Vake*

1 Zvichakadaro, zviuru nezviuru zvakati zvaungana, zvokuti vakanga
vava kutsikirirana, Jesu akatanga kutaura kuvadzidzi vake achiti,
“Chenjererai mbiriso yavaFarisi, kunyengera. 2 Hakuna chinhu
chakavanzika chisingazobudiswi pachena, kana chakavigwa chisinga-
zozivikanwi. 3 Zvamakataura murima zvichanzwika masikati machena,
uye zvamakazevezera munzeve mudzimba dzomukati zvichadanidzirwa
pamusoro pamatenga edzimba.

4 “Ndinokuudzai, shamwari dzangu, musatya vaya vanouraya muviri
mushure mezvo vasingazogoni kuita chimwe chinhu. 5 Asi ndichaku-
ratidzai wamunofanira kutya: Ityai uyo, anoti mushure mokunge auraya
muviri, ane simbawo rokuukanda mugehena. Hongu, ndinoti, mutye
iyeye. 6 Ko, shiri shanu duku hadzitengeswi namasendi maviri here? Asi
hakuna imwe yadzo inokanganwiwa naMwari. 7 Zvirokwazvo, bvudzi
chairo romumusoro menyu rakaverengwa. Musatya, imi munopfuura
shiri duku zhinji.

8 “Ndinokuudzai kuti, ani naani anondipupura pamberi pavanhu,
Mwanakomana woMunhu achamupupurawo pamberi pavatumwa
vaMwari. 9 Asi uyo anondiramba pamberi pavanhu acharambwawo
pamberi pavatumwa vaMwari. 10 Uye mumwe nomumwe anotaura shoko
rakaipa pamusoro poMwanakomana woMunhu, acharegererwa, asi ani
naani anomhura Mweya Mutsvene haazombokanganwirwi.

11 “Mukange mamiswa pamberi pesinagoge, vatongi navane
simba, musafunganya pamusoro pokuti muchapindura sei kana kuti
muchazvidzivirira sei, 12 nokuti panguva iyoyo Mweya Mutsvene
achakudzidzisai zvamunofanira kutaura.”

### *Mufananidzo woMupfumi Benzi*

13 Mumwe pakati pavazhinji akati kwaari, “Mudzidzisi, udzai mukoma
wangu kuti agovane nhaka neni.”
14 Jesu akapindura akati, “Iwe murume, ndianiko akandigadza kuti
ndive mutongi kana mugoveri pakati penyu?” 15 Ipapo akati kwavari,
“Chenjerai! Muchenjerere marudzi ose okuchiva; upenyu hwomunhu
hahuzi pazvizhinji zhinji zvaanazvo.”
16 Uye akavaudza mufananidzo uyu akati, “Ivhu romumwe mupfumi
rakabereka zvibereko zvakanaka. 17 Akafunga mumwoyo make akati,
‘Ndichaita seiko? Handina nzvimbo yokuchengetera zviyo zvangu.’
18 “Ipapo akati, ‘Hezvino zvandichaita. Ndichaputsa matura angu
ndigovaka makuru, uye imomo ndimo mandichaunganidza zviyo zvangu
nezvinhu zvangu. 19 Uye ndichati kumweya wangu, “Iwe une zvinhu
zvakawanda zvakanaka zvawakaunganidzirwa makore mazhinji. Zorora,
udye, unwe uye ufare.” ’
20 “Asi Mwari akati kwaari, ‘Iwe benzi, usiku huno chaihwo upenyu
hwako huchatorwa kubva kwauri. Zvino ndianiko achatora zvawanga
wazvigadzirira?’
21 “Ndizvo zvichaitika kuna ani zvake anozviunganidzira pfuma asi
asina kupfuma kuna Mwari.”

### *Musafunganya*

22 Ipapo Jesu akati kuvadzidzi vake, “Naizvozvo ndinoti kwamuri, musa-
funganya pamusoro poupenyu hwenyu, kuti muchadyei, kana pamusoro
pomuviri wenyu, kuti muchapfekei. 23 Upenyu hunopfuura zvokudya, uye
muviri unopfuura zvokufuka. 24 Fungai nezvamakunguo nokuti haadyari
kana kucheka, haana tsapi kana dura, asi Mwari anoapa zvokudya. Uye
imi munopfuura shiri sei! 25 Ndianiko kwamuri angawedzera awa imwe
chete kuupenyu hwake nokufunganya? 26 Sezvo musingagoni kuita chinhu
chiduku ichi, seiko muchifunganya pamusoro pezvimwe?
27 “Fungai maruva kuti anomera sei. Haabati kana kuruka, asi
ndinoti kwamuri, kunyange naSoromoni mukubwinya kwake kwose
haana kuzvipfekedza serimwe raaya. 28 Kana ariwo mashongedzero
anoita Mwari uswa hwesango, huripo nhasi, uye mangwana huchikandwa
mumoto, achakupfekedzai zvikuru sei, imi vokutenda kuduku! 29 Musaisa
mwoyo yenyu pane zvamuchadya kana kunwa; musafunganya pamu-
soro pazvo. 30 Nokuti vedzimwe ndudzi vanomhanyira zvinhu zvose
zvakadaro, uye Baba venyu vanoziva kuti munoshayiwa izvozvo. 31 Asi
tsvakai umambo hwavo, uye zvinhu zvose izvi zvichapiwawo kwamuri.
32 “Musatya henyu, imi kaboka kaduku, nokuti Baba venyu vakafadzwa
nokukupai umambo. 33 Tengesai zvamunazvo mugopa varombo. Zviitirei
zvikwama zvisingasakari, nepfuma isingaperi kudenga, kusina mbavha
inoswedera pedyo uye kusina zvipfukuto zvinoparadza. 34 Nokuti pane
pfuma yako, ndipo pachava nomwoyo wakowo.

### *Kurindira*

35 “Zvishongedzei mugadzirire kushanda uye mwenje yenyu igare
ichipfuta, 36 savanhu vakarindira kudzoka kwatenzi wavo kubva ku-
muchato, kuitira kuti paanouya akagogodza, vagone kukurumidza
kumuzarurira mukova. 37 Zvichava zvakanaka kuvaranda avo
vachawanikwa natenzi wavo vakarindira paanodzoka. Ndinokuudzai
chokwadi kuti achazvishongedza iye pachake kuti ashande, achaita kuti
vagare patafura agouya avashandire. 38 Zvichava zvakanaka kuvaranda
avo vachawanikwa natenzi wavo vakagadzirira, kunyange dai akauya
nenguva yokurindira yechipiri kana yechitatu yousiku. 39 Asi nzwi-
sisai izvi: kuti dai mwene weimba aiziva nguva inosvika mbavha,
haaizotendera kuti imba yake ipazwe. 40 Nemiwo munofanira kugara
makazvigadzirira, nokuti Mwanakomana woMunhu achauya nenguva
yamusingamutarisiri.”

41 Petro akati, “Ishe, munotaura mufananidzo uyu kwatiri here kana
kuna vose?”

42 Ishe akapindura akati, “Ndoupiko mutariri akachenjera, uye aka-
tendeka, anoiswa natenzi wake pamusoro pavashandi kuti avape mu-
gove wezvokudya zvavo nenguva yakafanira? 43 Zvichava zvakanaka
kumuranda uyo achawanikwa natenzi wake achiita izvozvo paanod-
zoka. 44 Ndinokuudzai chokwadi, kuti, achamugadza kuti ave mutariri
wepfuma yake yose. 45 Asi ngatimboti muranda oti mumwoyo make,
‘Tenzi wangu anonoka kuuya,’ ipapo obva atanga kurova varandarume
navarandakadzi, agotanga kudya nokunwa uye agodhakwa. 46 Tenzi wom-
uranda uyo achauya pazuva raasingamutarisiri uye nenguva yaasingazivi.
Achamubvambura-bvambura, agomuisa panzvimbo yavasingatendi.

47 “Muranda uyo anoziva kuda kwatenzi wake uye asingagadziriri kana
kuita zvinodiwa natenzi wake acharohwa shamhu zhinji. 48 Asi munhu
anenge asingazivi uye akaita zvinhu zvakafanira kurohwa, acharohwa
shamhu shoma. Ani naani akapiwa zvizhinji, zvizhinji zvichatsvakwa
kwaari; uye kuno uya akapiwa zvizhinji, zvizhinji kwazvo zvicharehwawo
kubva kwaari.

### *Kupesana kwete Rugare*

49 “Ndakauya kuzobatidza moto panyika, uye ndinoshuva sei kuti
dai wakabatidzwa kare! 50 Asi ndino rubhabhatidzo rwandichapinda
marwuri, uye ndinoshungurudzwa sei kusvikira ruchiitika! 51 Munofunga
kuti ndakauya kuzoisa rugare panyika here? Ndinoti kwamuri kwete,
asi kuzopesanisa. 52 Kubva zvino vanhu vashanu mumhuri imwe
vachapesana, vatatu vachirwa navaviri uye vaviri vachirwa navatatu.
53 Vachaparadzana, baba vachirwa nomwanakomana uye mwanakomana
achipesana nababa, mai vachipesana nomuroora, muroora achipesana
navamwene.”

### *Kududzira Nguva*

54 Akati kuvanhu vazhinji, “Pamunoona gore richikwira kumavirira,
pakarepo munoti, ‘Kuchanaya,’ zvigoita saizvozvo. 55 Uye kana
mhepo yezasi ichivhuvhuta, imi munoti, ‘Kuchapisa,’ zvoita saizvozvo.
56 Vanyengeri! Munoziva kududzira zvamunoona zvenyika nezvedenga.
Munotadza sei kududzira nguva ino?

57 “Munoregereiko kuzvitongera zvakarurama? 58 Paunoenda no-
mudzivisi wako kumutongi wedzimhosva, edza zvakanyanya kuti
muyanane muchiri munzira, kuti arege kukukwekweredzera kumutongi,

uye mutongi agokuisa kumupurisa, mupurisa agokuisa mujeri. 59 Ndinoti
kwauri, haungabudimo usati waripa sendi rokupedzisira."

# 13

### *Tendeukai, kana kuti muchaparara*

1 Zvino panguva iyoyo vamwe vaivapo vakaudza Jesu nezvava-
Garirea vakanga vavhenganisirwa ropa ravo nezvibayiro zvavo naPirato.
2 Jesu akapindura akati, "Munofunga kuti vaGarirea ava vakanga vari
vatadzi zvakanyanya kupfuura vose here zvavakatambudzika nenzira
iyi? 3 Ndinokuudzai kuti kwete! Asi kana musingatendeuki, nemiwo
mucharaswa mose. 4 Kana vaya gumi navasere vakafa pavakawirwa
neshongwe yeSiroami, munofunga kuti vakanga vane mhosva kukunda
vamwe vose vaigara muJerusarema here? 5 Ndinokuudzai kuti kwete! Asi
kana musingatendeuki, nemiwo mose muchaparara."

6 Ipapo akavaudza mufananidzo uyu akati, "Mumwe murume akanga
ane muti wake womuonde wakanga wakasimwa mumunda wake
wemizambiringa, akaenda achindotsvaka muchero kwauri, asi haana
chaakawana pauri. 7 Saka akati kumurume akanga achichengeta munda
wemizambiringa, 'Zvino ava makore matatu andanga ndichiuya ku-
zotsvaka muchero pamuonde uyu uye handisati ndambowana chinhu.
Utemere pasi! Seiko uchishandisa ivhu pasina?'

8 "Akapindura akati, 'Ishe, chimbouregai henyu kwerimwezve gore, ini
ndigoutimbira nokuuyisa mupfudze. 9 Kana ukazobereka muchero gore
rinouya, zvakanaka! Kana usina, ipapo mungautema henyu.' "

### *Mukadzi Chirema Anoporeswa noMusi weSabata*

10 Jesu akanga achidzidzisa ari mune rimwe sinagoge nomusi weSabata,
11 uye ipapo pakanga pano mukadzi aiva akaremadzwa nomweya wakaipa
kwamakore gumi namasere. Musana wake wakanga wakakokonyara uye
akanga asingagoni zvachose kutwasuka. 12 Jesu akati amuona, akamudana
kuti auye mberi akati kwaari, "Mai, masunungurwa pachirwere chenyu."
13 Ipapo akaisa maoko ake pamusoro wake, pakarepo musana wake
ukatwasanuka akarumbidza Mwari.

14 Mukuru wesinagoge akatsamwa nokuti Jesu akanga aporesa mukadzi
uyu nomusi weSabata, akati kuvanhu, "Pane mazuva matanhatu
okushanda. Saka munofanira kuuya kuzoporeswa pamazuva iwayo,
kwete nomusi weSabata."

15 Ishe akamupindura achiti, "Imi vanyengeri! Ko, handiti mumwe
nomumwe wenyu anosunungura nzombe kana mbongoro yake kubva
mudanga, oenda nazvo kundonwa mvura nomusi weSabata here? 16 Zvino
mukadzi uyu, mwanasikana waAbhurahama, akanga akasungwa naSatani
kwamakore gumi namasere, haaifanira kusunungurwa kubva pane zvaka-
musunga nomusi weSabata here?"

17 Akati ataura izvozvo, vose vakanga vachipikisana naye
vakanyadziswa, asi vanhu vakafadzwa nezvinhu zvinoshamisa zvaakanga
achiita.

### *Mufananidzo weMbeu yeMasitadhi noweMbiriso*

18 Ipapo Jesu akavabvunza achiti, "Umambo hwaMwari hwakaita seiko?
Ndingahuenzanisa neiko? 19 Hwakaita setsanga yemasitadhi, yakatorwa
nomunhu akandoisima mubindu rake. Yakakura ikava muti mukuru, uye
shiri dzedenga dzakauya dzikamhara mumatavi awo."

20 Akabvunzazve akati, "Umambo hwaMwari ndingahufananidza neiko?
21 Hwakafanana nembiriso yakatorwa nomukadzi akaivhenganisa noupfu
hwefurau hwakawanda kusvikira yafutisa ganyiwa."

*Musuo Wakamanikana*

22 Ipapo Jesu akafamba nomumaguta nomumisha achidzidzisa
paakanga achienda kuJerusarema. 23 Mumwe akamubvunza akati,
"Ishe, vanhu vashoma chete ndivo vachaponeswa here?"

Iye akati kwavari, 24 "Rwisai chaizvo kuti mupinde napasuo raka-
manikana, nokuti ndinoti vazhinji vachaedza kupinda asi havangag-
oni. 25 Muridzi wemba akangodzimara asimuka akapfiga mukova,
imi muchamira kunze muchigogodza uye muchiteterera, muchiti, 'Ishe,
tizarurireiwo mukova.'

"Asi achapindura achiti, 'Handikuzivei, kana kwamunobva.'

26 "Ipapo muchati, 'Taidya uye tainwa pamwe chete nemi, uye maid-
zidzisa munzira dzomumisha yedu.'

27 "Asi iye achati, 'Handikuzivei, kana kwamunobva. Ibvai kwandiri,
imi mose vaiti vezvakaipa!'

28 "Ipapo pachava nokuchema, nokurumanya kwameno, pamunoona
Abhurahama, Isaka naJakobho navaprofita vose vari muumambo
hwaMwari, asi imi pachenyu marasirwa kunze. 29 Vanhu vachabva
kumabvazuva nokumavirira, nokumusoro nezasi, uye vachagara pazvi-
garo zvavo pamabiko muumambo hwaMwari. 30 Zvirokwazvo, varipo
vaya vokupedzisira vachazova vokutanga, uye vokutanga vachazova
vokupedzisira."

*Jesu Anosuwa pamusoro peJerusarema*

31 Panguva iyoyo vamwe vaFarisi vakauya kuna Jesu vakati kwaari,
"Ibvai pano muende kumwewo. Herodhi anoda kukuurayai."

32 Akapindura akati, "Endai munoudza gava iro kuti, 'Ndichadzinga
madhimoni nokuporesa vanhu nhasi namangwana, uye pazuva retatu
ndichapedzisa basa rangu.' 33 Zvisinei hazvo, ndinofanira kuramba
ndichishanda mangwana nezuva rinotevera, nokuti zvirokwazvo hakuna
muprofita angafira kunze kweJerusarema!

34 "Iwe Jerusarema, Jerusarema, iwe unouraya vaprofita uye uchitaka
namabwe avo vakatumwa kwauri, kazhinji sei kandaidisa kuunganidza
vana vako pamwe chete, sehuku inounganidza hukwana dzayo pasi
pamapapiro ayo, asi ukaramba! 35 Tarira, imba yako yasiyiwa yava dongo.
Ndinoti kwauri, hauchazondionizve kusvikira wati, 'Akaropafadzwa iye
anouya muzita raShe.' "

# 14

*Jesu pamusha womuFarisi*

1 Mumwe musi weSabata, Jesu akanga achicherechedzwa kwazvo
paakanga aenda kundodya mumba momumwe muFarisi akanga
achikudzwa kwazvo. 2 Pamberi pake ipapo pakanga pane munhu akanga
ane chirwere chorukandwe. 3 Jesu akabvunza vaFarisi navadudziri
vomurayiro achiti, "Zvinotenderwa here nomurayiro kuporesa nomusi
weSabata, kana kuti kwete?" 4 Asi vakaramba vanyerere. Naizvozvo
akabata ruoko rwomunhu uya, akamuporesa ndokubva amuti aende.

5 Ipapo akavabvunza akati, “Ndiani pakati penyu angati kana mwanako-
mana, kana mombe yake ikawira mutsime nomusi weSabata, angarega
kuibudisa pakarepo?” 6 Ipapo vakashayiwa chokureva.
7 Akati achiona kuti vakakokwa vaisarudza sei zvigaro zvapamberi
patafura, akavaudza mufananidzo uyu akati kwavari, 8 “Kana mumwe
akakukoka kumuchato, usazvisarudzira nzvimbo yapamberi, nokuti
mumwe munhu anokudzwa kupfuura iwe angadaro akakokwa. 9 Kana
zvakadaro, munhu akakukokai imi vaviri achauya agoti kwauri, ‘Ibva
ipapo iwe, munhu uyu agare.’ Ipapo, nenyadzi, uchatora chigaro
cheshure chokupedzisira. 10 Asi kana wakokwa, utore chigaro cheshure,
kuitira kuti kana akukoka ouya, azoti kwauri, ‘Shamwari, simuka
uende kundogara panzvimbo iri nani.’ Ipapo ucharemekedzwa pamberi
pavose vawakakokwa pamwe chete navo. 11 Nokuti mumwe nomumwe
anozvikudza achaninipiswa, uye uyo anozvininipisa achakudzwa.”
12 Ipapo Jesu akati kuna iye akanga amukoka, “Kana wagadzira kudya
kwamasikati kana chirariro, urege kukoka shamwari dzako, vanun’una
vako kana hama dzako, kana vapfumi vawakavakidzana navo; kana
ukadaro vangazokukokawo uye ukabva waripirwa. 13 Asi kana ukagadzira
mabiko, ukoke varombo, zvirema, vanokamhina, namapofu, 14 ipapo
ucharopafadzwa. Kunyange vasina zvavanokupa, iwe ucharipirwa paku-
muka kwavakarurama.”

### *Mufananidzo waMabiko Makuru*

15 Mumwe wavaye vakanga vagere pakudya naye akati anzwa izvi,
akati kuna Jesu, “Akaropafadzwa munhu achagara zvake pamabiko
muuMambo hwaMwari.”
16 Jesu akapindura akati, “Mumwe murume akanga achigadzira mabiko
makuru akakoka vanhu vazhinji. 17 Panguva yamabiko, akatuma varanda
vake kuti vandoudza vaya vakanga vakokwa kuti, ‘Uyai, nokuti zvose
zvagadzirwa.’
18 “Asi vose vakatanga zvimwe chetezvo kupa zvikonzero. Wokutanga
akati, ‘Ndichangotenga munda izvozvi, uye ndinofanira kundouona.
Ndapota hangu, ndiregererei.’
19 “Mumwe akati, ‘Ndichangotenga nzombe dzamajoko mashanu
izvozvi, uye ndiri kuenda kumbondodziedza. Ndapota ndiregererei.’
20 “Mumwezve akati, ‘Ndichangowana mukadzi izvozvi, saka handin-
gauyi.’
21 “Muranda akadzoka akandozivisa izvi kuna tenzi wake. Ipapo
muridzi wemba akatsamwa kwazvo akarayira muranda wake achiti,
‘Buda uende nokukurumidza munzira dzomumisha nedzomuguta unouya
navarombo, zvirema, mapofu navanokamhina.’
22 “Muranda akati, ‘Ishe, zvamandirayira zvaitwa, asi nzvimbo ichiripo.’
23 “Ipapo tenzi akaudza muranda wake akati, ‘Buda uende kumigwagwa
nokunzira dzomumaruwa undovakoka kuti vapinde, kuitira kuti imba
yangu izare. 24 Ndinoti kwamuri, hakuna kana mumwe chete wavaya
vakanga vakokwa acharavira mabiko angu.’ ”

### *Mutengo wokuva Mudzidzi*

25 Vazhinji zhinji vakanga vachifamba naJesu, uye akatendeukira
kwavari akati, 26 “Kana munhu upi zvake achiuya kwandiri uye asin-
gavengi baba vake namai vake, mukadzi wake navana vake, vanun’una
vake nehanzvadzi dzake, hongu, kunyange noupenyu hwake, haangavi

mudzidzi wangu. 27 Uye ani naani asingatakuri muchinjikwa wake
achinditevera haangavi mudzidzi wangu.
28 "Tomboti mumwe wenyu anoda kuvaka shongwe. Haatangi agara
pasi agoongorora mutengo kuti aone kana ane mari inokwana kuipedza
here? 29 Nokuti kana akavaka hwaro akasagona kuipedza, munhu
wose anomuona achamuseka, 30 achiti, 'Munhu uyu akatanga kuvaka asi
akasagona kupedza.'
31 "Kana kuti tomboti mambo ava kuda kuenda kuhondo kundorwa
nomumwe mambo. Haatangi kugara pasi here kuti aone kana angagona
kundorwa navanhu zviuru gumi, achipikisana nouyo ari kuuya kuzorwa
naye ane vanhu zviuru makumi maviri? 32 Kana asingagoni, achatuma
nhume mumwe wacho achiri kure uye okumbira mashoko orugare
kwaari. 33 Saizvozvowo, ani naani wenyu asingasiyi zvose zvaanazvo
haangavi mudzidzi wangu.
34 "Munyu wakanaka, asi kana warasikirwa nokuvava kwawo,
ucharungwa neiko? 35 Hauchabatsiri muvhu kana padutu romupfudze;
unorasirwa kunze.
"Ane nzeve dzokunzwa, ngaanzwe."

# 15

*Mufananidzo weGwai Rakarasika*

1 Zvino vateresi na"vatadzi" vakanga vakaungana vose, vaka-
mukomberedza kuti vamunzwe. 2 Asi vaFarisi navadzidzisi vomurayiro
vakagunun'una vachiti, "Uyu munhu anogamuchira vatadzi uye anodya
navo."
3 Ipapo Jesu akavaudza mufananidzo uyu akati, 4 "Ndianiko pakati
penyu kana ane makwai zana, rimwe racho kana rikarasika, asingasiyi
makumi mapfumbamwe namapfumbamwe kumafuro achindotsvaka
gwai rakarasika kusvikira ariwana? 5 Uye kana ariwana, anoritakura
pamapfudzi ake nomufaro 6 agoenda kumba. Ipapo anodana shamwari
dzake navavakidzani pamwe chete agoti kwavari, 'Farai pamwe chete
neni nokuti ndawana gwai rangu rakanga rarasika.' 7 Ndinoti kwamuri,
saizvozvo mufaro mukuru uchava kudenga pamusoro pomutadzi mumwe
chete anenge atendeuka, kupfuura pamusoro pavakarurama makumi
mapfumbamwe navapfumbamwe vasingatsvaki kutendeuka.

*Mufananidzo weMari Yakarasika*

8 "Ndoupiko mukadzi ane mari yamasirivha anokwana gumi uye
akarasikirwa neimwe chete angarega kubatidza mwenje, agotsvaira imba
uye agotsvakisisa kusvikira aiwana? 9 Uye paanenge aiwana, achadana
shamwari dzake navavakidzani agoti kwavari, 'Farai pamwe chete neni,
ndawana mari yangu yakanga yarasika.' 10 Saizvozvo, ndinoti kwamuri,
pano mufaro pamberi pavatumwa vaMwari pamusoro pomutadzi mumwe
chete anotendeuka."

*Mufananidzo woMwanakomana Akarasika*

11 Jesu akaenderera mberi akati: "Pakanga pano mumwe murume
akanga ane vanakomana vake vaviri. 12 Muduku wacho akati kuna baba
vake, 'Baba, ndipei mugove wenhaka yangu.' Saka baba vakakamura
pfuma yavo vakavagovanisa pakati pavo.

13 “Mazuva mashoma asati apera, mwanakomana muduku akaun-
ganidza zvose zvaakanga anazvo, akasimuka akaenda kunyika iri kure
akandoparadza pfuma yake ikoko namararamiro akaipa. 14 Shure
kwokunge apedza zvose, kwakava nenzara huru munyika yose iyoyo,
uye akatanga kushayiwa. 15 Saka akaenda akandozvitsvakira basa kuno
mumwe mugari womunyika imomo, iye akamutumira kuminda yake kuti
anofudza nguruve. 16 Akada kugutsa dumbu rake namateko aidyiwa
nenguruve, asi hapana munhu akamupa kana chinhu.
17 “Akati apengenuka mupfungwa dzake, akati, ‘Varanda vababa
vangu vazhinji seiko uye vane zvokudya zvavanongosiya, uye zvino ini
pano ndoziya zvokusvika pakufa! 18 Ndichasimuka ndiende kuna baba
vangu ndinoti kwavari: Baba, ndakatadzira denga napamberi penyuwo.
19 Handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu, ndiitei henyu somumwe
wavaranda venyu.’ 20 Saka akasimuka akaenda kuna baba vake.
“Asi akati achiri kure, baba vake vakamuona uye vakamunzwira
tsitsi; vakamhanyira kumwanakomana wavo, vakamumbundikira uye
vakamutsvoda.
21 “Mwanakomana akati kuna baba vake, ‘Baba, ndakatadzira denga
napamberi penyu. Handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu.’
22 “Asi baba vakati kuvaranda vavo, ‘Kurumidzai! Uyai nenguo
dzakaisvonaka mumupfekedze. Muise mhete pamunwe wake neshangu
mutsoka dzake. 23 Muuye nemhuru yakakodzwa muibaye. Ngatidyei
tipembere. 24 Nokuti mwanakomana wangu uyu akanga afa, zvino arara-
mazve; akanga arasika, zvino awanikwa.’ Saka vakatanga kupembera.
25 “Zvichakadaro, mwanakomana mukuru akanga ari kumunda
akati aswedera pedyo nemba, akanzwa nziyo nokutamba. 26 Saka
akadana mumwe wavaranda akamubvunza kuti chii chakanga chichi-
itika. 27 Muranda akapindura akati, ‘Munun’una wenyu auya uye baba
venyu vamubayira mhuru yakakodzwa nokuti adzoka ari mupenyu uye
akasimba.’
28 “Mukoma mukuru akatsamwa akaramba kupinda. Saka baba vake
vakabuda vakamunyengetedza. 29 Asi akapindura baba vake akati,
‘Tarirai! Makore ose aya ndanga ndichikushandirai uye handina kusam-
boteerera mirayiro yenyu. Asi hamuna kutongondipa chimbudzana kuti
ndipemberewo neshamwari dzangu. 30 Asi pangouya mwanakomana
wenyu uyu, akaparadza pfuma yenyu nezvifeve, mamubayira mhuru
yakakodzwa!’
31 “Baba vakati, ‘Mwanangu, iwe uneni nguva dzose, uye zvose
zvandinazvo ndezvako. 32 Asi taifanira kupembera uye tifare, nokuti
munun’una wako uyu akanga afa asi zvino araramazve; akanga arasika
asi awanikwa.’ ”

# 16

*Mufananidzo woUchenjeri hwoMutariri Akanga Asakarurama*

1 Jesu akatiwo kuvadzidzi vake, “Kwakanga kuno mumwe murume
mupfumi aiva nomutariri akanga achipomerwa mhosva yokuparadza
pfuma yake. 2 Saka akamudana akamubvunza achiti, ‘Zviiko izvi zvandiri
kunzwa pamusoro pako? Zvidavirire pamusoro poutariri hwako, nokuti
haungarambi uri mutariri.’
3 “Mutariri akafunga nechomumwoyo make akati, ‘Zvino ndichaiteiko?
Tenzi wangu ava kunditorera basa rangu. Handina simba rokurima, uye

ndinonyara kupemha; 4 ndinoziva zvandichaita kuitira kuti, ndikange
ndarasikirwa nebasa rangu pano, vanhu vagondigamuchira mudzimba
dzavo.’
5 “Saka akadana mumwe nomumwe akanga ane chikwereti natenzi
wake. Akabvunza wokutanga akati, ‘Une chikwereti chakaita sei iwe kuna
tenzi wangu?’
6 “Akapindura achiti, ‘Zviero zana zvamafuta omuorivhi.’
“Mutariri akati kwaari, ‘Tora tsamba yako, ugare pasi nokukurumidza,
unyore makumi mashanu.’
7 “Ipapo akabvunza wechipiri akati, ‘Iwe une chikwereti chakadiniko?’
“Akapindura akati, ‘Zviero zana zvegorosi.’
“Akamuudza kuti, ‘Tora tsamba yako unyore makumi masere.’
8 “Tenzi womuranda uyu akarumbidza mutariri asakarurama uyu
nokuti akanga aita nokuchenjera. Nokuti vanhu venyika ino vakachenjera
kwazvo pakuita kwavo kukunda vana vechiedza. 9 Ndinoti kwamuri,
‘Shandisai pfuma yenyika kuti muzviwanire shamwari, kuitira kuti
painopera, mugozogamuchirwa mudzimba dzisingaperi.’
10 “Ani naani anogona kutendeka pane zvinhu zviduku anogonawo
kutendeka pane zvakawanda, uye ani naani asina kutendeka pazvinhu
zviduku duku achavawo asina kutendeka pane zvakawanda. 11 Saka kana
manga musina kutendeka paupfumi hwenyika, ndianiko achavimba nemi
paupfumi hwechokwadi? 12 Uye kana wanga usina kutendeka pazvinhu
zvomumwe, ndianiko achakupa zvinhu zvako iwe?
13 “Hakuna muranda angagona kushandira vatenzi vaviri. Nokuti
achavenga mumwe agoda mumwe, kana kuti achanamatira kuno mumwe
uye agozvidza mumwe. Hazvigoni kuti ushandire Mwari nepfuma.”
14 VaFarisi, avo vaida mari vakanzwa zvose izvi vakatuka Jesu uye
vakamuseka. 15 Iye akati kwavari, “Imi munozviruramisira pamberi
pavanhu, asi Mwari anoziva mwoyo yenyu. Zvinhu zvinokudzwa pakati
pavanhu zvinonyangadza pamberi paMwari.

### *Zvimwe Zvidzidzo*

16 “Murayiro navaprofita zvakaparidzwa kusvikira pana Johani. Kub-
vira panguva iyoyo, vhangeri roumambo hwaMwari riri kuparidzwa,
uye mumwe nomumwe anozvimanikidzira kupinda mahuri. 17 Zviri
nyore kuti denga nenyika zvipfuure pano kuti kavara kaduku koMurayiro
kabviswe.
18 “Ani naani anoramba mukadzi wake akawana mumwe mukadzi
anoita upombwe, uye murume anowana mukadzi akarambwa anoita
upombwe.

### *Mupfumi naRazaro*

19 “Paiva nomumwe murume mupfumi aipfeka nguo dzepepuru no-
mucheka wakaisvonaka uye aigara upenyu hwakaisvonaka mazuva ose.
20 Pasuo rake paigara mupemhi ainzi Razaro, akanga azere namaronda
21 uye achipanga hake kudya zvimedu zvaiwa patafura yomupfumi.
Kunyange imbwa dzaiuya dzichinanzva maronda ake.
22 “Nguva yokufa kwomupemhi yakati yasvika vatumwa vakamu-
tora vakamuendesa pachipfuva chaAbhurahama. Mupfumi akafawo
akavigwa. 23 Ari mugehena, umo maairwadziwa, akatarisa kumusoro
akaona Abhurahama ari kure, naRazaro ari pachipfuva chake. 24 Saka

akadanidzira kwaari achiti, 'Baba Abhurahama, ndinzwirei ngoni mugo-
tuma Razaro kuti anyike muromo womunwe wake mumvura atonhodze
rurimi rwangu, nokuti ndiri kurwadziwa kwazvo mumoto muno.'
25 "Asi Abhurahama akapindura akati, 'Mwanakomana, rangarira kuti
pamazuva oupenyu hwako wakagamuchira zvinhu zvako zvakanaka,
panguva iyoyo Razaro akagamuchira zvinhu zvakaipa, asi zvino ari
kunyaradzwa pano, uye iwe uri kurwadziwa. 26 Uye pamusoro paizvozvo
zvose, pano mukaha mukuru wakaiswa pakati pedu newe, kuitira kuti
vanoda kubva kuno kuti vauye ikoko vakonewe, uye hakuna munhu
angayambuka achibva ikoko achiuya kwatiri.'
27 "Iye akapindura achiti, 'Zvino ndinokukumbirai, baba, tumai Razaro
kumba kwababa vangu, 28 nokuti ndina vanun'una vashanu. Ngaaende
anovayambira, kuitira kuti naivowo varege kuuya kunzvimbo ino yokur-
wadziwa.'
29 "Abhurahama akati, 'Mozisi navaprofita vanavo; ngavavanzwe.'
30 "Iye akati, 'Kwete, baba Abhurahama, asi kana mumwe akabva kuna
vakafa akaenda kwavari, vangatendeuka.'
31 "Iye akati kwaari, 'Kana vasinganzwi Mozisi navaprofita, havanga-
tendi kunyange dai mumwe akamuka kubva kuvakafa.' "

# 17

### *Chivi, Kutenda neZvokuita*

1 Jesu akati kuvadzidzi vake, "Zvinhu zvinoita kuti vanhu vatadze
zvinototi zviuye, asi ane nhamo munhu uyo anouya nazvo. 2 Zvaiva nani
kwaari kuti guyo risungirirwe pamutsipa wake agokandwa mugungwa
pano kuti atadzise mumwe wavaduku ava. 3 Saka zvingwarirei.
"Kana hama yako ichitadza, itsiure, uye kana akatendeuka,
umuregerere. 4 Kana akakutadzira kanomwe pazuva, uye akadzoka
kwauri kanomwe achiti, 'Ndatendeuka,' muregerere."
5 Vapostori vakati kuna She, "Tiwedzereiwo kutenda kwedu!"
6 Iye akati, "Kana muno kutenda kuduku duku setsanga yemasitadhi,
munogona kuti kumuti womuonde uyu, 'Dzurwa usimwe mugungwa,' uye
uchakuteererai.
7 "Ngatitii mumwe wenyu anga aine muranda anorima kana kuti
anofudza makwai. Angati here kumuranda paanopinda achibva ku-
munda, 'Uya pano iye zvino ugare pasi udye'? 8 Ko, haangati here, 'Ndi-
gadzirire chokudya changu, uzvigadzirire iwe ugondimirira pandinenge
ndichidya nokunwa; shure kwaizvozvo iwe ungazodya hako nokunwa'?
9 Ko, angavonga muranda nokuda kwokuti akaita zvaakaudzwa here?
10 Saka nemiwo, pamunenge maita zvose zvamakaudzwa kuti muite,
munofanira kuti, 'Tiri varanda vasina maturo; tangoita zvatanga tichi-
fanira kuita.' "

### *Vanhu Gumi vanoporeswa Maperembudzi*

11 Zvino ari munzira achienda kuJerusarema, Jesu akafamba
achitevedza muganhu waiva pakati peSamaria neGarirea. 12 Paakanga
opinda mumusha, varume gumi vaiva namaperembudzi vakasangana
naye. Vakamira vari nechokure 13 uye vakadanidzira nenzwi guru vachiti,
"Jesu, Tenzi, tinzwireiwo ngoni!"
14 Akati achivaona, akati kwavari, "Endai munozviratidza kuvaprista."
Uye pavaienda, vakabva vanatswa.

15 Mumwe wavo akati aona kuti akanga aporeswa, akadzoka
achirumbidza Mwari nenzwi guru. 16 Akazviwisira patsoka dzaJesu
akamuvonga. Uye akanga ari muSamaria.

17 Jesu akati, "Ko, havasi vose gumi vakaporeswa here? Ko, vamwe vap-
fumbamwe varipi? 18 Kwashayikwa mumwe woga adzoka akazorumbidza
Mwari kunze kwouyu mutorwa here?" 19 Ipapo akati kwaari, "Simuka
uende; kutenda kwako kwakuporesa."

### *Kuuya kwoUmambo hwaMwari*

20 Akati abvunzwa navaFarisi kuti umambo hwaMwari hwaizosvika
riini, Jesu akapindura akati, "Umambo hwaMwari hahuuyi nokunyat-
socherechedza kwenyu, 21 uye vanhu havangati, 'Hohuno pano' kana kuti
'Uho uko,' nokuti umambo hwaMwari huri mamuri."

22 Ipapo akati kuvadzidzi vake, "Nguva iri kuuya yamuchashuva kuona
rimwe ramazuva oMwanakomana woMunhu, asi hamuzorioni. 23 Vanhu
vachati kwamuri, 'Hoyo uko!' kana kuti 'Houno pano!' Musamhanya
muchivatevera. 24 Nokuti semheni inopenya ichivhenekera muchadenga
ichibva kuno rumwe rutivi ichienda kuno rumwe rutivi, ndizvo zvichaita
Mwanakomana woMunhu pazuva rake. 25 Asi anofanira kutanga kumbo-
tambudzika zvikuru uye acharambwa norudzi urwu.

26 "Sezvazvakanga zvakaita pamazuva aNoa, ndizvo zvazvichaitawo
mumazuva oMwanakomana woMunhu. 27 Vanhu vaidya, vachinwa,
vachiwana nokuwaniswa kusvikira zuva rakapinda Noa muareka. Ipapo
mafashamu akasvika akavaparadza vose.

28 "Zvakanga zvakadarowo pamazuva aRoti. Vanhu vakanga vachidya
nokunwa, vachitonga nokutongesa, vachidyara nokuvaka. 29 Asi pazuva
rakabuda Roti muSodhomu, moto nesuriferi zvakanaya, zvichibva ku-
denga zvikavaparadza vose.

30 "Zvichaita saizvozvo pazuva iro Mwanakomana woMunhu
acharatidzwa. 31 Pazuva iro hakuna munhu ari pamusoro pedenga
remba, ane nhumbi dzake mukati memba, anofanira kuburuka kuti
andodzitora. Saizvozvowo, hakuna munhu ari kumunda achadzokera
chinhu chero chipi zvacho. 32 Rangarirai mukadzi waRoti! 33 Ani naani
anoedza kuchengetedza upenyu hwake acharasikirwa nahwo, uye ani
naani anorasikirwa noupenyu hwake achahuponesa. 34 Ndinoti kwamuri,
pazuva iro vanhu vaviri vachange vari pamubhedha mumwe; mumwe
achatorwa mumwe achisiyiwa. 35 Vakadzi vaviri vachange vachikuya
zviyo pamwe chete; mumwe achatorwa uye mumwe achasiyiwa.
36 Varume vachange vari mumunda, mumwe achatorwa uye mumwe
achasiyiwa."

37 Vakamubvunza vakati, "Kupiko Ishe?"

Akapindura akati, "Pano mutumbi, ndipo panoungana magora."

## 18

### *Mufananidzo weChirikadzi Yakatsungirira*

1 Ipapo Jesu akaudza vadzidzi vake mufananidzo wokuvaratidza kuti
vaifanira kunyengetera nguva dzose vasingaori mwoyo. 2 Akati, "Mune
rimwe guta maiva nomutongi akanga asingatyi Mwari uye asina hanya
navanhu. 3 Uye muguta imomo maiva nechirikadzi yakaramba ichiuya
kwaari nechikumbiro ichiti, 'Ndiruramisireiwo kumuvengi wangu.'

4 "Kwechinguva akamboramba. Asi pakupedzisira akati mumwoyo
make, 'Kunyange dai ndisingatyi Mwari uye ndisina hanya navanhu, 5 asi
nokuda kwokuti chirikadzi iyi inoramba ichindinetsa, ndinofanira kuiru-
ramisira, kuitira kuti arege kuzoramba achindinetsa nokuuya kwake!' "
6 Zvino Ishe akati, "Inzwai zvinotaurwa nomutongi asakarurama.
7 Ko, zvino Mwari haangaruramisiri vasanangurwa vake, vanodanidzira
kwaari masikati nousiku here? Acharamba achivadzosa here? 8 Ndinoti
kwamuri, achaona kuti varuramisirwa, uye nokukurumidza. Kunyange
zvakadaro hazvo, kana Mwanakomana woMunhu achisvika, achawana
kutenda panyika here?"

### *Mufananidzo womuFarisi noMuteresi*

9 Jesu akataura mufananidzo uyu, kuna vamwe vakanga vachivimba
nokururama kwavo uye vaizvidza vamwe akati, 10 "Varume vaviri
vakakwira kutemberi kundonyengetera, mumwe akanga ari muFarisi
uye mumwe ari muteresi. 11 MuFarisi akasimuka akazvinyengeterera
achiti, 'Mwari, ndinokuvongai nokuti handina kufanana navamwe vanhu,
makororo, vaiti vezvakaipa, mhombwe, kana kunyange muteresi uyu.
12 Ndinozvinyima zvokudya kaviri pavhiki uye ndinopa chegumi chezvose
zvandinowana.'
13 "Asi muteresi akamira ari nechokure, asingadi kunyange kutarira
kudenga, asi akazvirova chipfuva akati, 'Mwari, ndinzwirei tsitsi, ini
mutadzi.'
14 "Ndinokuudzai kuti munhu uyu, akadzokera kumba kwake aru-
ramiswa pamberi paMwari kupinda muFarisi. Nokuti mumwe nomumwe
anozvikudza achaninipiswa, uye uyo anozvininipisa achakudzwa."

### *Jesu navana vaduku*

15 Vanhu vakauyawo navacheche kuna Jesu kuti avanyengeterere.
Vadzidzi vakati vachiona izvozvo, vakavatsiura. 16 Asi Jesu akadana vana
kwaari achiti, "Regai vana vaduku vauye kwandiri, uye musavadzivisa,
nokuti umambo hwaMwari ndohwavakadai. 17 Zvirokwazvo ndinoti
kwamuri, ani naani asingagamuchiri umambo hwaMwari somwana
muduku haangatongopindi mahuri."

### *Mutongi aiva Mupfumi*

18 Mumwe mutongi akamubvunza achiti, "Mudzidzisi akanaka, ndino-
fanira kuitei kuti ndigogara nhaka youpenyu husingaperi?"
19 Jesu akapindura achiti, "Seiko uchinditi ndakanaka? Hakuna akanaka
kunze kwaMwari oga. 20 Iwe unoziva mirayiro inoti: 'Usaita upombwe,
usauraya, usapupura nhema, kudza baba vako namai vako.' "
21 Iye akati, "Izvi zvose ndakazvichengeta kubva paudiki hwangu."
22 Jesu akati achinzwa izvi, akati kwaari, "Uchiri kushayiwa chinhu
chimwe chete. Tengesa zvose zvaunazvo ugopa varombo, ugozova
nepfuma kudenga. Ipapo, ugouya unditevere."
23 Akati anzwa izvozvo, akasuwa zvikuru, nokuti akanga ari murume
akapfuma zvikuru. 24 Jesu akatarisa kwaari akati, "Zvikukutu sei kuti
mupfumi apinde muumambo hwaMwari! 25 Zvirokwazvo, zviri nyore
kwazvo kuti ngamera ipinde napaburi retsono pano kuti mupfumi apinde
muumambo hwaMwari."
26 Vaya vakazvinzwa izvozvo vakabvunza vachiti, "Ndianiko zvino
angaponeswa?"

27 Jesu akapindura achiti, “Zvisingagoneki kuvanhu zvinogoneka kuna
Mwari.”
28 Petro akati kwaari, “Takasiya zvose zvataiva nazvo kuti tikuteverei!”
29 Jesu akati kwavari, “Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hakuna munhu
akasiya musha, kana mukadzi, kana munun'una, kana vabereki, kana
vana nokuda kwoumambo hwaMwari, 30 asingazogamuchiri zvakapetwa
kakawanda munguva ino, uye upenyu husingaperi munguva inouya.”

### *Jesu Anoprofita nezvoKufa Kwake*

31 Jesu akatsaura parutivi vane gumi navaviri akavaudza kuti, “Tiri
kuenda kuJerusarema, uye zvose zvakanyorwa navaprofita pamusoro
poMwanakomana woMunhu zvichazadziswa. 32 Achaiswa mumaoko
evedzimwe ndudzi. Vachamuseka, vachamutuka, nokumupfira mate,
vachamurova uye vachamuuraya. 33 Pazuva rechitatu achamukazve.”
34 Vadzidzi hapana chavakanzwisisa pachinhu ichi. Zvairehwa zvacho
zvakanga zvakavanzika kwavari, uye havana kuziva zvaakanga achitaura
pamusoro pazvo.

### *Bofu rinosvinudzwa*

35 Jesu akati aswedera pedyo neJeriko, mumwe murume akanga ari bofu
akanga agere parutivi pomugwagwa achipemha. 36 Akati achinzwa vanhu
vazhinji vakanga vachipfuura, akabvunza kuti chii chakanga chichiitika.
37 Vakamuudza kuti, “Jesu weNazareta ari kupfuura napano.”
38 Iye akadanidzira achiti, “Jesu, Mwanakomana waDhavhidhi, nd-
inzwireiwo ngoni!”
39 Vaya vakanga vachitungamira vakamutsiura vakamuudza kuti an-
yarare, asi iye akanyanyisa kudanidzira achiti, “Mwanakomana waD-
havhidhi, ndinzwireiwo ngoni!”
40 Jesu akamira ndokurayira kuti murume uyu auyiswe kwaari. Akati
aswedera pedyo, Jesu akamubvunza akati, 41 “Unoda kuti ndikuitireiko?”
Iye akapindura akati, “Ishe, ndinoda kuti ndione.”
42 Jesu akati kwaari, “Chiona; kutenda kwako kwakuporesa.”
43 Pakarepo akaona akatevera Jesu, achirumbidza Mwari. Vanhu vose
vakati vachizviona, naivowo vakarumbidza Mwari.

## 19

### *Zakeo, Muteresi*

1 Jesu akapinda muJeriko uye akanga achipfuura nomo. 2 Maiva nomu-
rume ainzi Zakeo; akanga ari mukuru wavateresi uye akanga akapfuma
kwazvo. 3 Akauya achida kuona Jesu kuti ndiani, asi nokuda kwokuti
akanga ari munhu mupfupi, akatadza kuona nokuda kwavanhu vazhinji.
4 Nokudaro akamhanyira mberi akandokwira mumuti womuonde kuti
amuone, sezvo Jesu akanga achienda naipapo.
5 Jesu akati asvika panzvimbo iyoyo, akatarisa kumusoro ndokuti
kwaari, “Zakeo, buruka nokukurumidza. Ndinofanira kunogara mumba
mako nhasi.” 6 Saka akakurumidza kuburuka akamugamuchira nomu-
faro.
7 Vanhu vose vakaona izvi vakatanga kugunun'una vachiti, “Aenda
kunova mueni wo‘mutadzi.’ ”
8 Asi Zakeo akasimuka akamira pamberi paShe akati, “Tarirai, Ishe!
Pano, uye iye zvino, ndinopa hafu yepfuma yangu kuvarombo, uye kana

ndakanyengera ani zvake pachinhu chipi zvacho, ndichadzosera zvava
zvina."

9 Jesu akati kwaari, "Nhasi ruponeso rwasvika mumba muno, nokuti mu-
rume uyu mwanakomanawo waAbhurahama. 10 Nokuti Mwanakomana
woMunhu akauya kuzotsvaka nokuponesa chakarasika."

### *Mufananidzo weZviuru Gumi zvaMadhora*

11 Pavakanga vachiri kuteerera izvozvo, akaenderera mberi achivaudza
mufananidzo, nokuti akanga ava pedyo neJerusarema uye vanhu vaka-
funga kuti umambo hwaMwari hwaizokurumidza kuonekwa pakarepo.
12 Akati, "Mumwe murume weimba huru, akaenda kunyika iri kure kuti
andogadzwa kuti ave mambo uye agodzoka. 13 Saka akadana varanda
vake gumi akavapa zviuru gumi zvamadhora. Akati, 'Shandisai mari iyi
kusvikira ndadzoka.'

14 "Asi varanda vake vaimuvenga vakatuma nhume dzikamutevera kuti
dzinoti, 'Munhu uyu hatidi kuti ave mambo wedu.'

15 "Akandogadzwa kuti ave mambo, kunyange zvakadaro, akadzoka
kumusha. Ipapo akatuma shoko kuvaranda vaakanga apa mari, achida
kuziva zvavakanga vawana nayo.

16 "Wokutanga akasvika akati, 'Ishe chiuru chenyu chamadhora chak-
abereka zvimwe zviuru gumi.'

17 "Tenzi wake akati, 'Zvakanaka, muranda wangu akanaka! Nokuti
wanga wakatendeka pazvinhu zviduku duku, uchatonga pamusoro pam-
aguta gumi.'

18 "Wechipiri akasvika akati, 'Ishe, chiuru chenyu chamadhora chak-
abereka zvimwe zviuru zvishanu.'

19 "Tenzi wake akapindura akati, 'Iwe uchatonga pamusoro pamaguta
mashanu.'

20 "Ipapo mumwe muranda akasvika akati, 'Ishe, hechino chiuru
chenyu chamadhora; ndakachichengeta ndakachisungirira mumucheka.
21 Ndakanga ndichikutyai, nokuti muri munhu ane mwoyo wakaoma.
Munotora zvamusina kuisapo nokukohwa zvamusina kudyara.'

22 "Tenzi wake akapindura akati, 'Ndichakutonga namashoko ako
pachako, iwe muranda akaipa! Waiziva kuti ndiri munhu ane mwoyo
wakaoma, ndinotora zvandisina kuisapo, nokukohwa zvandisina kud-
yara? 23 Seiko zvino usina kuisa mari yangu mubhangi, kuitira kuti
pakudzoka kwangu ndizoitora yawanda?'

24 "Ipapo akati kuna avo vakanga vamire pedyo, 'Mutorerei chiuru
chake chamadhora muchipe kuno uyo ane zviuru gumi.'

25 "Vakati, 'Ishe anotova nezviuru gumi zvamadhora nechakare!'

26 "Iye akapindura akati, 'Ndinoti kwamuri, mumwe nomumwe anazvo,
achapiwa zvimwe, asi uyo asina, achatorerwa kunyange nechaanacho.
27 Asi vaya vavengi vangu vakanga vasingadi kuti ndive mambo wavo,
uyai navo pano muvauraye pamberi pangu.' "

### *Jesu Anogamuchirwa muJerusarema*

28 Shure kwokunge Jesu ataura izvi, akapfuurira mberi, akakwidza ku-
Jerusarema. 29 Akati asvika kuBhetifage neBhetania paGomo reMiorivhi,
akatuma vadzidzi vake vaviri achiti, 30 "Endai kumusha wakatarisana
nemi, uye pamunongopindamo, muchawana mwana wembongoro asina
kumbotasvwa nomunhu akasungirirwamo. Muisunungure mugouya nayo

pano. 31 Kana pane munhu anokubvunzai achiti, 'Seiko muchiisunun-
gura?' muvaudze kuti, 'Ishe anoida.' "

32 Vaya vakanga vatumwa mberi vakaenda vakandowana zvakaita
sezvaakanga avaudza chaizvo. 33 Pavakanga vachisunungura mwana
wembongoro uyu, muridzi wacho akavabvunza akati, "Seiko muchisunun-
gura mwana wembongoro uyu?"

34 Ivo vakamupindura vakati, "Ishe anoida."

35 Vakauya nayo kuna Jesu, vakaisa nguo dzavo pamusoro pomwana
wembongoro ndokubvа vakwidza Jesu pairi. 36 Paakanga achifamba,
vanhu vakawaridzira nguo dzavo mumigwagwa.

37 Akati asvika pedyo nenzvimbo ine nzira yaitenukira paGomo reMior-
ivhi, vazhinji vose vavadzidzi vakatanga kupembera vachirumbidza
Mwari namanzwi makuru nokuda kwezviratidzo zvose zvavakanga
vaona, vachiti:
38 "Akaropafadzwa mambo anouya muzita raShe!"

"Rugare ngaruve kudenga, nokubwinya kumusoro-soro!"

39 Vamwe vaFarisi vakanga vari pakati pavanhu vazhinji vakati kuna
Jesu, "Mudzidzisi, tsiurai vadzidzi venyu!"

40 Akapindura akati, "Ndinokuudzai kuti, kana vakanyarara, matombo
achadanidzira."

41 Akati aswedera kuJerusarema uye achiona guta, akachema pamu-
soro paro 42 akati, "Dai iwe, kunyange iyewe, waiziva chete pazuva
rino zvinhu zvaizokupa rugare, asi zvino zvakavanzwa pameso ako.
43 Mazuva achasvika pamusoro pako ayo vavengi vako vachakuvakira
muchinjiziri vagokukomberedza uye vagokumanikidza kumativi ose.
44 Vachakupwanyira pasi, iwe navana vari mukati mamasvingo ako.
Havazongosiyi ibwe pamusoro perimwe nokuti hauna kuziva nguva
yokushanyirwa kwako naMwari."

### *Jesu paTemberi*

45 Ipapo akapinda mutemberi akatanga kudzinga vaya vakanga va-
chitengesa. 46 Akati kwavari, "Kwakanyorwa kuchinzi, 'Imba yangu
ichava yokunyengeterera', asi mava kuiita 'bako ramakororo.' "

47 Aidzidzisa zuva rimwe nerimwe mutemberi. Asi vaprista vakuru
navadzidzisi vomurayiro uye navatungamiri pakati pavanhu vakanga
vachiedza kumuuraya. 48 Asi vakanga vasingawani nzira yokuita izvozvo,
nokuti vanhu vose vakanga vakanamatira pamashoko ake.

## 20

### *Vakabvunza kuti simba raJesu raibvepi*

1 Nerimwe ramazuva paakanga achidzidzisa vanhu mutemberi uye
achiparidza vhangeri, vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro, pamwe
chete navakuru, vakasvika kwaari. 2 Vakati kwaari, "Tiudzei kuti munoita
zvinhu izvi nesimba ripi? Ndiani akakupai simba iri?"

3 Akapindura akati, "Neniwo ndichakubvunzai mubvunzo. Ndiudzei,
4 'Rubhabhatidzo rwaJohani rwakabva kudenga here kana kuti ku-
vanhu?' "

5 Vakataurirana pakati pavo vakati, "Kana tikati, 'Rwakabva kudenga,'
iye achati, 'Seiko musina kumutenda?' 6 Asi kana tikati, 'Rwakabva

kuvanhu,' vanhu vose vachatitaka namabwe, nokuti vanotenda kuti Johani akanga ari muprofita."

7 Saka ivo vakazoti, "Hatizivi kuti rwakabvepi."

8 Jesu akati, "Neniwo handichakuudzai simba randinoita naro zvinhu izvi."

### *Mufananidzo waVarimi Vakaipa*

9 Akaenderera mberi akaudza vanhu mufananidzo uyu akati, Mumwe murume akadyara munda wake wemizambiringa, akaupa kuna vamwe varimi kwechinguva achibva aenda kure kune imwe nyika kwenguva refu.
10 Panguva yokukohwa, akatuma muranda kuvarimi kuti vamupe zvimwe zvezvibereko zvemizambiringa. Asi varimi vakamurova vakamuendesa asina chinhu. 11 Akatumazve mumwe muranda, asi naiyewo vakamurova uye vakamuitira zvinonyadzisa ndokumudzosazve asina chinhu.
12 Akatumazve mumwe wechitatu, uyu vakamukuvadza ndokumukanda kunze.

13 "Ipapo muridzi womunda wemizambiringa akati, 'Ndichaita seiko? Ndichatuma mwanakomana wangu, iye wandinoda; zvimwe vachamuremekedza.'

14 "Asi varimi vakati vachimuona, vakataurirana pachavo vakati, 'Uyu ndiye mudyi wenhaka. Ngatimuurayei nhaka igova yedu.' 15 Saka vakamubudisa mumunda wemizambiringa ndokubva vamuuraya.

"Zvino muridzi womunda womuzambiringa achaitei kwavari?
16 Achauya agouraya varimi avo agopa vamwe varimi munda womuzambiringa." Vanhu vakati vanzwa izvozvo, vakati, "Dai zvakadai zvikasatomboitika!"

17 Jesu akavatarisisa uye akavabvunza akati, "Zvino zvakanyorwa zvinoreveiko zvinoti:

" 'Ibwe rakarambwa navavaki
ndiro razova musoro wekona'?

18 Mumwe nomumwe anowira padombo iroro achavhunika-vhunika asi uyo warinowira achapwanyiwa."

19 Vadzidzisi vomurayiro navaprista vakuru vakatsvaka nzira yokumusunga pakarepo, nokuti vaiziva kuti akanga ataura mufananidzo uyu pamusoro pavo. Asi vakanga vachitya vanhu.

### *Kuripa Mitero kuna Kesari*

20 Vakaramba vachimucherechedza, vakatuma vasori, vakanga vachinyepedzera kuva vakatendeka. Vakanga vane tariro yokuti vamubate iye Jesu pachinhu chaanenge ataura kuitira kuti vagomuisa kusimba noutongi hwomubati. 21 Saka vasori vakamubvunza vachiti, "Mudzidzisi, tinoziva kuti munotaura uye munodzidzisa zvakarurama, uye kuti hamusi mutsauri wavanhu asi munodzidzisa nzira yaMwari zviri maererano nezvokwadi. 22 Ko, zvakanaka here kuti tiripe mutero kuna Kesari kana kuti kwete?"

23 Akaona kunyengera kwavo akati kwavari, 24 "Ndiratidzei dhenari. Ko, mufananidzo norunyoro zviripo ndezvani?"

25 Vakapindura vakati, "NdezvaKesari."

Iye akati kwavari, "Ipai Kesari zvaKesari uye mugopa Mwari zvaMwari."

26 Vakanga vasingagoni kumuteya nezvaakanga ataura ipapo pane vanhu. Vakashamiswa nokupindura kwake, vakanyarara.

### *Kumuka kwaVakafa noKuwanana*

[27] Vamwe vaSadhusi, vanoti hakuna kumuka kwavakafa, vakauya
nomubvunzo kuna Jesu. [28] Vakati, “Mudzidzisi, Mozisi akatinyorera kuti
kana mukoma womunhu akafa akasiya mukadzi asina vana, murume
anofanira kuwana chirikadzi iyo amutsire mukoma wake vana. [29] Zvino
pakanga pane vanakomana vanomwe. Wokutanga akawana mukadzi,
akafa asina mwana. [30] Wechipiri akamuwana uye akafa asina mwana.
[31] Uye wechitatu akamuwana, uye nenzira imwe cheteyo, vose vari
vanomwe vakafa, vachisiya pasina vana. [32] Pakupedzisira, mukadzi
akafawo. [33] Zvino mukadzi uyu achava waaniko pakumuka kwavakafa
sezvo akanga ari mukadzi kwavari vose vari vanomwe?”
[34] Jesu akapindura akati, “Vanhu venyika ino vanowana nokuwanikwa.
[35] Asi vaya vanoonekwa kuti vakakodzera kurarama munyika iyo no-
mukumuka kwavakafa, havazowani kana kuwanikwa, [36] uye havazofizve;
nokuti vafanana navatumwa. Vana vaMwari, sezvo vari vana vokumuka
kwavakafa. [37] Asi panhoroondo yegwenzi, kunyange naMozisi akaratidza
kuti vakafa vanomutswa, nokuti anoti, Ishe ndiye ‘Mwari waAbhurahama,
naMwari waIsaka, uye naMwari waJakobho.’ [38] Haasi Mwari wavakafa,
asi wavapenyu, nokuti kwaari vose vapenyu.”
[39] Vamwe vadzidzisi vomurayiro vakati, “Mataura zvakanaka,
mudzidzisi!” [40] Uye hakuna akazoda kumubvunzazve mimwe mibvunzo.

### *Kristu Mwanakomana waani?*

[41] Ipapo Jesu akati kwavari, “Seiko vachiti Kristu Mwanakomana
waDhavhidhi? [42] Dhavhidhi pachake anotaura mubhuku raMapisarema
achiti:
“ ‘Ishe akati kuna She wangu:
Gara kuruoko rwangu rworudyi
[43] kusvikira ndaita vavengi vako
chitsiko chetsoka dzako.’
[44] Dhavhidhi anomuti, ‘Ishe.’ Anogova mwanakomana wake seiko?”
[45] Vanhu vose vachakateerera, Jesu akati kuvadzidzi vake,
[46] “Chenjererai vadzidzisi vomurayiro. Vanoda kufamba-famba vakapfeka
nguo refu, uye vachifarira kukwaziswa pamisika, nokuva nezvigaro
zvapamusoro-soro mumasinagoge uye nenzvimbo dzinokudzwa
pamabiko. [47] Vanoparadza dzimba dzechirikadzi uye vanoita
minyengetero mirefu, kuti vaonekwe. Vanhu vakadai vacharangwa
zvakaomarara kwazvo.”

## 21

### *Chipo cheChirikadzi*

[1] Akati achitarira, Jesu akaona vapfumi vachiisa zvipo zvavo muchivi-
giro chepfuma chomutemberi. [2] Akaonawo chirikadzi murombo ichiisa
tumari tuviri tuduku twendarira. [3] Akati kwavari, “Zvirokwazvo ndinoti
kwamuri, chirikadzi iyi murombo yaisa mari zhinji kupfuura vamwe vose.
[4] Vanhu vose ava vapa zvipo zvavo zvichibva papfuma yavo zhinji; asi uyu,
nourombo hwake aisa zvose zvaanga achararama nazvo.”

### *Zviratidzo zvaMazuva Okupedzisira*

[5] Vamwe vadzidzi vake vakanga vachitaura pamusoro pamashongedz-
erwo akanga akaitwa temberi namatombo akanaka uye nezvipo zvakanga
zvakumikidzwa kuna Mwari. Asi Jesu akati, [6] “Zvamuoona pano izvi,

nguva ichasvika yokuti ibwe rimwe haringaregwi riri pamusoro perimwe;
rimwe nerimwe rawo richakandwa pasi."

7 Vakamubvunza vakati, "Mudzidzisi, zvinhu izvi zvichaitika rinhiko?
Uye chiratidzo chichava chipi chokuti izvozvo zvava kuzoitika?"

8 Akapindura akati, "Chenjererai kuti murege kunyengerwa. Nokuti
vazhinji vachauya muzita rangu, vachiti ivo, 'Ndini iye,' uye 'Nguva yava
pedyo.' Musavatevera. 9 Kana mukanzwa zvehondo uye nokumukirana,
musavhundutswa. Zvinhu izvozvi zvinofanira kutanga kuitika, asi
kuguma hakuzosviki pakarepo."

10 Ipapo akati kwavari, "Rudzi ruchamukira rudzi, uye umambo
huchamukira humwe umambo. 11 Kuchava nokudengenyeka kwenyika
kukuru, nzara nehosha kunzvimbo dzakasiyana-siyana, uye zvinhu zvino-
tyisa nezviratidzo zvikuru zvinobva kudenga.

12 "Asi izvi zvose zvisati zvaitika, vachakubatai vagokutambudzai.
Vachakuisai kumasinagoge nokumatorongo uye muchamiswa pamberi pa-
madzimambo navabati, uye zvose nokuda kwezita rangu. 13 Izvi zvichaita
kuti imi muve zvapupu kwavari. 14 Asi shingai mundangariro dzenyu,
musatanga kufunganya kuti muchazvidzivirira sei. 15 Nokuti ndichakupai
mashoko nouchenjeri zvokuti hakuna munhu pavavengi venyu achagona
kuzviramba kana kuzvipikisa. 16 Muchapandukirwa kunyange navabereki
venyu, vanun'una, hama neshamwari, uye vachauraya vamwe venyu.
17 Vanhu vose vachakuvengai nokuda kwangu. 18 Asi hapana bvudzi
romusoro wenyu richaparara. 19 Nokutsungirira kwenyu, muchawana
upenyu.

20 "Pamunoona Jerusarema rakombwa nehondo, muchaziva kuti ku-
paradzwa kwaro kwava pedyo. 21 Ipapo vaya vari muJudhea ngavatizire
kumakomo, vari muguta ngavabude, uye vari muruwa ngavarege kupinda
muguta. 22 Nokuti iyi ndiyo nguva yokurangwa kuti zvose zvakanyorwa
zvizadziswe. 23 Haiwa, zvichatyisa seiko mumazuva iwayo kumadzi-
mai ane mimba navanoyamwisa! Kuchava nenhamo huru munyika
nokutsamwa pamusoro porudzi urwu. 24 Vachaurayiwa nomunondo
uye vachaitwa vasungwa kundudzi dzose. Jerusarema richatsikwa
neveDzimwe Ndudzi kusvikira nguva dzeveDzimwe Ndudzi dzazadziswa.

25 "Kuchava nezviratidzo pazuva, pamwedzi napanyeredzi. Pa-
nyika, ndudzi dzichatambudzika uye dzichakanganiswa nokutinhira
uye namasaisai egungwa. 26 Vanhu vachapera simba nokutya, noku-
tarisira zvichawira nyika, nokuti masimba okumatenga achazungunuswa.
27 Panguva iyo vachaona Mwanakomana woMunhu achiuya mugore
nesimba nokubwinya kukuru. 28 Panotanga kuitika zvinhu izvi, mumire
mugosimudza misoro yenyu, nokuti dzikinuro yenyu yoswedera."

29 Akavaudza mufananidzo uyu akati, "Tarirai muti womuonde nemiti
yose. 30 Painenge ichitungira mashizha, munogona kuona pachenyu
nokuziva kuti zhizha rava pedyo. 31 Nokudarowo, pamunoona zvinhu izvi
zvichiitika, muzive kuti umambo hwaMwari hwava pedyo.

32 "Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, rudzi urwu harungatongopfuuri
kusvikira zvinhu izvi zvaitika. 33 Denga nenyika zvichapfuura, asi
mashoko angu haangatongopfuuri.

34 "Chenjerai, kuti mwoyo yenyu irege kuremedzwa nokudyisa, kud-
hakwa nokufunganya kwoupenyu, kuti zuva iro rirege kukuwirai seriva
musina kuzvitarisira. 35 Nokuti richasvika pamusoro pavose vagere

pamusoro penyika yose. [36] Garai makagadzirira, uye munyengetere
kuti mugogona kupunyuka pazvose izvo zvava kuda kuitika, uye kuti
mugogona kumira pamberi poMwanakomana woMunhu."
[37] Zuva rimwe nerimwe Jesu aidzidzisa patemberi, uye madekwana oga
oga achindopedza usiku hwose ari muGomo reMiorivhi, [38] uye vanhu vose
vaiuya patemberi mangwanani-ngwanani kuti vazomunzwa.

# 22

*Judhasi anopandukira Jesu*

[1] Zvino Mutambo weZvingwa Zvisina Mbiriso, unonzi Pasika, wakanga
woswedera, [2] uye vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro vakanga
vachitsvaka nzira yavangabata nayo Jesu, nokuti vakanga vachitya vanhu.
[3] Ipapo Satani akapinda muna Judhasi, ainzi Iskarioti, mumwe wavane
gumi navaviri. [4] Uye Judhasi akaenda kuvaprista vakuru navakuru
vavarindi vetemberi akandorangana navo kuti angapandukira Jesu sei.
[5] Vakafara uye vakatenderana kuti vaizomupa mari. [6] Akatenda,
akatsvaka mukana wokuti aise Jesu kwavari pasina vanhu vazhinji.

*Chirariro Chokupedzisira*

[7] Ipapo zuva reZvingwa Zvisina Mbiriso rakasvika, iro raifanira
kubayirwa gwayana rePasika. [8] Jesu akatuma Petro naJohani, achiti,
"Endai munotigadzirira Pasika tidye."
[9] Vakati, "Munoda kuti tikugadzirirei kupiko?"
[10] Iye akapindura akati, "Pamunopinda muguta, muchasangana no-
murume akatakura chirongo chemvura. Mumutevere iyeye kuimba
yaanosvikopinda, [11] mugoti kumuridzi wemba, 'Mudzidzisi ari kubvunza
kuti: Imba yavaeni iripiko, umo mandingadyira Pasika navadzidzi
vangu?' [12] Achakuratidzai imba huru yapamusoro, yakarongedzwa zvose.
Mugadzire imomo."
[13] Vakaenda vakandowana zvinhu zvakangoita sezvavakanga vaudzwa
naJesu. Saka vakagadzira Pasika imomo.
[14] Nguva yakati yasvika, Jesu navapostori vake vakagara patafura. [15] Uye
akati kwavari, "Ndanga ndichidisa kwazvo kuti ndidye Pasika iyi nemi
ndisati ndatambudzika. [16] Nokuti ndinoti kwamuri, handichazoidyizve
kusvikira yazadzisika muumambo hwaMwari."
[17] Akati atora mukombe, akavonga akati, "Torai mukombe uyu mu-
govane pakati penyu. [18] Nokuti ndinoti kwamuri, handichazonwizve
chibereko chomuzambiringa kusvikira umambo hwaMwari hwasvika."
[19] Uye akatora chingwa, akavonga akachimedura, uye akavapa, achiti,
"Uyu ndiwo muviri wangu wakapiwa kwamuri; itai izvi muchindiran-
garira."
[20] Saizvozvo, vakati vapedza chirariro akatora mukombe, akati,
"Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu, rinodururirwa imi.
[21] Asi ruoko rwaiye achandipandukira runeni patafura. [22] Mwanakomana
woMunhu achaenda sezvazvakatemwa, asi ane nhamo munhu uyo
anomupandukira." [23] Vakatanga kubvunzana pakati pavo kuti angava ani
pakati pavo aizoita chinhu ichi.
[24] Uyewo nharo dzakamuka pakati pavo dzokuti ndiani wavo ai-
fungidzirwa kuti angava mukuru wavose. [25] Jesu akati kwavari, "Madzi-
mambo evedzimwe ndudzi ane simba pamusoro pavo; uye vaya vanobata
nesimba pamusoro pavo vanozviti vabatsiri. [26] Asi imi hamufaniri kuita

saizvozvo. Asi, mukuru pakati penyu mose anofanira kuva somuduku
kuna vose, uye uyo anotonga ngaaite souya anoshanda. 27 Nokuti ndianiko
mukuru kuno mumwe, uyo agere patafura kana kuti uya anoshanda? Ko,
haazi iye agere patafura here? Asi ini ndiri pakati penyu saiye anoshanda.
28 Imi ndimi vaya vakamira neni pamiedzo yangu. 29 Uye ndinokupai
umambo, sababa vangu vakandipa umambo, 30 kuitira kuti mugodya
nokunwa patafura yangu muumambo hwangu, mugogara pazvigaro
zvoushe, muchitonga marudzi gumi navaviri avaIsraeri.

31 "Simoni, Simoni, Satani akumbira kuti akuzungure segorosi. 32 Asi
ndakunyengeterera, Simoni, kuti kutenda kwako kurege kupera. Uye
paunenge watendeuka, usimbise hama dzako."

33 Asi iye akapindura akati, "Ishe, ndakagadzirira kuenda nemi mutorongo uye kufa nemi."

34 Jesu akapindura akati, "Petro, ndinoti kwauri, jongwe risati rarira nhasi, ucharamba iwe katatu, kuti unondiziva."

35 Ipapo Jesu akabvunza akati, "Pandakakutumai musina chikwama, hombodo kana shangu pane chinhu chamakashayiwa here?"

Ivo vakati, "Hapana."

36 Akati kwavari, "Asi iye zvino kana une chikwama, chitore, uyewo
nehombodo; uye kana usina munondo, tengesa nguo yako ugoutenga.
37 Kwakanyorwa kuchinzi, 'Akaverengwa pamwe chete navadariki' uye
ndinoti kwamuri, izvi zvinofanira kuzadziswa mandiri. Hongu, zvakanyorwa pamusoro pangu zvava kusvika pakuzadziswa."

38 Vadzidzi vakati, "Tarirai, Ishe, heyi minondo miviri."

Akapindura akati, "Zvaringana."

### *Jesu Anonyengetera paGomo reMiorivhi*

39 Jesu akabuda sezvaaisiita mazuva ose akaenda kuGomo reMiorivhi,
uye vadzidzi vake vakamutevera. 40 Akati asvika panzvimbo iyo, akati
kwavari, "Nyengeterai kuti murege kupinda mukuedzwa." 41 Akabva
pavari akaenda mberi kwavo chinhambwe chingasvika dombo rapotserwa, akapfugama ndokunyengetera achiti, 42 "Baba, kana muchida,
bvisai mukombe uyu pandiri; asi ngakurege kuva kuda kwangu, asi kuda
kwenyu kuitwe." 43 Mutumwa akabva kudenga akazviratidza kwaari uye
akamusimbisa. 44 Uye ari pakutambudzika, akanyengetera zvikuru, uye
ziya rake rakanga rakaita samadonhwe eropa anodonhera pasi.

45 Akati achisimuka kubva pakunyengetera, akadzokera kuvadzidzi,
akasvikovawana vavata, vaneteswa nokusuwa. 46 Akasvikovabvunza
achiti, "Seiko mavata? Mukai munyengetere kuti murege kuwira
mukuedzwa."

### *Kusungwa kwaJesu*

47 Achiri kutaura, vanhu vazhinji vakasvika, uye uya ainzi Judhasi,
mumwe wavane Gumi naVaviri, akanga achivatungamirira. Akaswedera
kuna Jesu kuti amutsvode, 48 asi Jesu akamubvunza akati, "Judhasi, uri
kupandukira Mwanakomana woMunhu nokutsvoda here?"

49 Vateveri vaJesu vakati vaona zvakanga zvoda kuitika vakati, "Ishe,
tivabaye neminondo yedu here?" 50 Uye mumwe wavo akatema muranda
womuprista mukuru, akagura nzeve yake yokurudyi.

51 Asi Jesu akapindura achiti, "Zvaringana!" Uye akabata nzeve yomurume uya akamuporesa.

52 Ipapo Jesu akati kuvaprista vakuru navabati vaichengeta temberi,
navakuru vakanga vamuvinga, "Ko, ini ndiri mupanduki mukuru here,
zvamauya neminondo netsvimbo? 53 Mazuva ose ndakanga ndinemi
mutemberi, uye hamuna kundibata. Asi ino ndiyo nguva yenyu, yoku-
tonga kwerima."

### *Petro anoramba Jesu*

54 Ipapo vakamubata, vakaenda naye vakandomuisa mumba
momuprista mukuru. Petro akamutevera ari nechokure. 55 Asi vakati
vabatidza moto pakati poruvazhe uye vagara pasi pamwe chete, Petro
akagara pakati pavo. 56 Musikana akanga ari mushandi akamuona
agerepo muchiedza chomoto. Akamunan'anidza akati, "Murume uyu
aivawo naJesu."

57 Asi iye akaramba izvozvo akati, "Iwe mukadzi, handimuzivi ini."

58 Kwapera chinguvana, mumwezve akamuona akati, "Newewo uri
mumwe wavo."

Petro akapindura akati, "Iwe murume, handizi!"

59 Shure kweawa imwe chete mumwezve akauya akati, "Zvirokwazvo
munhu uyu akanga anaye, nokuti muGarirea."

60 Petro akapindura akati, "Iwe murume, handitombozivi zvauri kutaura
nezvazvo!" Achiri kutaura, jongwe rakabva rarira. 61 Ishe akatendeuka
akatarisa akanyatsonanga Petro. Ipapo Petro akarangarira shoko rakanga
rataurwa kwaari naShe rokuti, "Nhasi jongwe risati rarira, uchandiramba
katatu." 62 Ipapo akabuda kunze akandochema zvikuru.

### *Varindi vanoseka Jesu*

63 Varume vakanga vachirinda Jesu vakatanga kumuseka uye vaka-
murova. 64 Vakamusunga kumeso vakati, "Profita! Ndiani akurova?"
65 uye vakataura zvimwe zvinhu zvizhinji kwaari vachimutuka.

### *Jesu pamberi paPirato naHerodhi*

66 Kuzoti kwaedza, dare ravakuru vavanhu, vose vaprista vakuru
navadzidzisi vomurayiro, vakasangana pamwe chete, Jesu akamiswa
pamberi pavo. 67 Vakati, "Kana uri Kristu, tiudze."

Jesu akapindura akati, "Kana ndikakuudzai, hamunganditendi, 68 uye
kana ndikakubvunzai, hamungandipinduri. 69 Asi kubva zvino, Mwanako-
mana woMunhu achagara kuruoko rworudyi rwaMwari ane simba."

70 Vose vakabvunza vachiti, "Ko, zvino iwe ndiwe Mwanakomana
waMwari here?"

Iye akapindura akati, "Mareva zvakanaka, zvamati ndini iye."

71 Ipapo vakati, "Tichadazve humwe uchapupu here? Tazvinzwa zvabva
mumuromo make."

## 23

1 Ipapo ungano yose yakasimuka ikaenda naye kuna Pirato. 2 Uye
vakatanga kumupomera mhosva, vachiti, "Takawana murume uyu achit-
sausa rudzi rwedu. Haabvumirani nokuripa mutero kuna Kesari uye
anozviti ndiye Kristu, mambo."

3 Saka Pirato akabvunza Jesu achiti, "Ndiwe mambo wavaJudha here?"

Jesu akapindura akati, "Hongu, ndizvo zvamareva."

4 Ipapo Pirato akati kuvaprista vakuru navanhu vazhinji, "Handiwani
hwaro hwemhosva inopomerwa murume uyu."

5 Asi ivo vakaramba vachiti, "Anomutsa vanhu nedzidziso yake muJud-
hea rose. Akatanga kuGarirea uye atosvika kwose kuno uku."
6 Anzwa izvi, Pirato akabvunza kuti murume uyu akanga ari muGarirea
here. 7 Akati anzwa kuti Jesu akanga ari pasi poutongi hwaHerodhi,
akabva amutumira kuna Herodhi, uyo aivawo muJerusarema panguva
iyoyo.
8 Herodhi akati achiona Jesu, akafara zvikuru, nokuti akanga
achishuva kumuona kwenguva refu. Kubva pane zvaakanga am-
bonzwa nezvake, ainge achitarisira kuti amuone achiita zvishamiso.
9 Akamubvunza mibvunzo mizhinji, asi Jesu haana kumupindura.
10 Vaprista vakuru navadzidzisi vomurayiro vakanga vamire ipapo,
vachinyanya kumupomera mhosva. 11 Ipapo Herodhi navarwi vake
vakamuzvidza uye vakamuseka. Vakamupfekedza nguo youmambo,
vakamudzosera kuna Pirato. 12 Musi uyo, Herodhi naPirato vakava
shamwari, kare kwavo, vakanga vachimbovengana.
13 Pirato akaunganidza vaprista vakuru, vatongi, navanhu, 14 akati
kwavari, "Mauyisa munhu uyu kwandiri somunhu anomutsa vanhu
kuti vamukire hurumende. Ndanyatsomuongorora pamberi penyu uye
ndashaya hwaro hwemhosva yamunomupomera. 15 Kunyange na-
Herodhi, nokuti amudzosa kwatiri; sezvamunoona, haana kuita chinhu
chingafanira kutongerwa rufu. 16 Naizvozvo, ndichamurova ndigo-
muregedza." 17 (Nokuti aifanira kuvasunungurira mumwe munhu pamu-
tambo.)
18 Vose pamwe chete vakadanidzira vachiti, "Murume uyu ngaafe!
Tisunungurirei Bharabhasi!" 19 (Bharabhasi akanga aiswa mujeri nokuda
kwebope raakanga amutsa muguta, uye nemhaka yokuuraya.)
20 Sezvaakanga achida kusunungura Jesu, Pirato akataurazve navo.
21 Asi ivo vakaramba vachidanidzira vachiti, "Murovererei! Murovererei!"
22 Akati kwavari kechitatu, "Sei? Murume uyu atadzeiko? Handina
kuwana mhosva paari yokuti atongerwe rufu. Naizvozvo, ndichaita kuti
arohwe ndigomusunungura."
23 Asi vakaramba vachidanidzira nenzwi guru vachiti aifanira kurover-
erwa pamuchinjikwa, uye kudanidzira kwavo kukakunda. 24 Saka
Pirato akatonga kuti zvavakakumbira zviitwe. 25 Akasunungura murume
akanga aiswa mujeri nokuda kwebope uye nokuuraya, uyo wavakanga
vakumbira, ndokubva avapa Jesu kuti vaite zvavanoda naye.

### *Kurovererwa kwaJesu*

26 Vakati voenda naye, vakabata murume ainzi Simoni weKurini, uyo
akanga achibva muruwa, vakamutakudza muchinjikwa ari mushure
maJesu. 27 Vanhu vazhinji zhinji vakamutevera, pamwe chete navakadzi
vakanga vachichema uye vachiungudza. 28 Jesu akatendeuka akati
kwavari, "Vanasikana veJerusarema, musandichema ini; zvichemei imi
navana venyu. 29 Nokuti nguva ichasvika iyo yamuchati, 'Vakaropafadzwa
vakadzi vasingabereki, izvo zvizvaro zvisina kumbobereka, namazamu
asina kumboyamwisa!' 30 Ipapo
"vachati kumakomo, 'Wirai pamusoro pedu!'
nokuzvikomo, 'Tifukidzei!'
31 Nokuti kana vanhu vachiita zvinhu izvi pamuti munyoro, chiiko
chichaitika kune wakaoma?"
32 Vamwezve varume vaviri, vose vakanga vari mbavha, vakatorwawo
pamwe chete naye kuti vandourayiwa. 33 Vakati vasvika panzvimbo

yainzi Dehenya, vakamuroverera ipapo, pamwe chete nembavha, mumwe
kurudyi rwake, mumwe kuruboshwe rwake. 34 Jesu akati, "Baba,
varegererei, nokuti havazivi zvavari kuita." Vakagovana nguo dzake
vachikanda mijenya.

35 Vanhu vakamira vakatarira, uye kunyange vatongi vakamuseka.
Vakati, "Akaponesa vamwe; ngaazviponese iye pachake kana ari Kristu
waMwari, iye Musanangurwa."

36 Varwi vakasvikawo vakamuseka. Vakamupa waini yevhiniga
37 vakati, "Kana uri mambo wavaJudha, chizviponesa."

38 Pamusoro pake pakanga pane chiziviso chakanga chakanyorwa kuti:
UYU NDIYE MAMBO WAVAJUDHA.

39 Mumwe wembavha dzakanga dzakarembera pamwe chete naye
akamutuka achiti, "Ko, ndiwe Kristu here? Zviponese ugoponesa nesuwo!"

40 Asi imwe mbavha yakamutsiura ikati, "Hautyi Mwari here iwe, sezvo
uri pakutongwa kumwe cheteko? 41 Isu tiri kutongwa zvakarurama,
nokuti tiri kupiwa zvakafanira mabasa edu. Asi munhu uyu haana
chakaipa chaakaita."

42 Ipapo akati, "Jesu, mundirangarirewo pamunenge masvika
muumambo hwenyu."

43 Jesu akamupindura akati, "Zvirokwazvo ndinoti kwauri, nhasi uchava
neni muparadhiso."

### *Kufa kwaJesu*

44 Zvino yakanga yava nguva inenge yechitanhatu, rima rikava pa-
musoro penyika yose kusvikira panguva yepfumbamwe, 45 nokuti zuva
rakamira kuvhenekera. Uye chidzitiro chetemberi chakabvarurwa na-
pakati. 46 Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, "Baba, ndinoisa mweya
wangu mumaoko enyu." Akati ataura izvi, akabudisa mweya wake.

47 Mukuru wezana, akati achiona zvakanga zvaitika, akarumbidza
Mwari achiti, "Zvirokwazvo uyu anga ari munhu akarurama." 48 Vanhu
vose vakanga vakaungana kuzopupura chiitiko ichi, vakaona zvakanga
zvaitika, vakazvirova zvipfuva zvavo uye vakaenda. 49 Asi vakanga
vachimuziva, pamwe chete navakadzi vakanga vamutevera vachibva
kuGarirea, vakamira nechokure, vakatarisa zvinhu zvose izvi.

### *Kuvigwa kwaJesu*

50 Zvino kwakanga kuno mumwe murume ainzi Josefa, nhengo yedare
ramakurukota, munhu akanga akanaka uye akarurama, 51 uyo akanga
asina kubvumirana navo pakuronga kwavo uye nokuita kwavo. Aibva
kuguta ravaJudha reArimatea uye akanga akamirira umambo hwaMwari.
52 Asvika kuna Pirato, akakumbira mutumbi waJesu. 53 Ipapo akauburutsa,
akauputira nomucheka akauisa muguva rakanga racherwa paruware,
rakanga risina kumbovigwa munhu. 54 Rakanga riri zuva rokugadzirira,
uye Sabata rakanga rava kuda kutanga.

55 Vakadzi vaya vakanga vauya naJesu vachibva kuGarirea vakatevera
Josefa vakaona guva uye kuti mutumbi wake wakanga waradzikwa
sei mariri. 56 Ipapo vakaenda kumba vakandogadzira zvinonhuhwira
namafuta anonhuhwira. Asi vakazorora nomusi weSabata vachiteerera
murayiro.

# 24

*Kumuka kwaJesu*

1 Nomusi wokutanga wevhiki, mambakwedza, vakadzi vaya vakatora
zvinonhuhwira zvavakanga vagadzira vakaenda kuguva. 2 Vakawana
ibwe rakungurutswa kubva paguva, 3 asi vakati vapinda, vakashayiwa
mutumbi waIshe Jesu. 4 Pavakanga vachiri kushamisika nazvo, pakarepo
varume vaviri vakanga vakapfeka nguo chena dzaipenya semheni
vakamira parutivi pavo. 5 Mukutya kwavo, vakadzi vaya vakakotamisa
pasi zviso zvavo, asi varume ava vakati kwavari, "Seiko muchitsvaka
mupenyu pakati pavakafa? 6 Haapo pano; amuka! Rangarirai zvaakaku-
udzai, paakanga achinemi muGarirea kuti: 7 'Mwanakomana woMunhu
anofanira kuiswa mumaoko avatadzi, arovererwe pamuchinjikwa ago-
mukazve pazuva rechitatu.' " 8 Ipapo vakarangarira mashoko ake.

9 Vakati vadzoka kubva kuguva, vakataurira vane gumi nomumwe
zvinhu zvose izvi, uye nokuna vamwe vose. 10 VanaMaria Magadharena,
naJohana, Maria mai vaJakobho, uye navamwe vavaiva navo ndivo
vakandoudza vapostori izvozvo. 11 Asi havana kutenda vakadzi ava,
nokuti mashoko avo ainge upenzi kwavari. 12 Zvisinei hazvo, Petro,
akasimuka, akamhanyira kuguva. Akakotama, akaona micheka iri yoga,
ndokubva adzokera kumba, achishamisika mumwoyo make nezvakanga
zvaitika.

*Jesu Anosangana naVadzidzi muNzira inoenda kuEmausi*

13 Zvino musi mumwe chete iwoyo, varume vaviri vakanga vachienda
kumusha wainzi Emausi, makiromita anenge gumi nerimwe chete kubva
kuJerusarema. 14 Vakanga vachitaurirana pamusoro pezvinhu zvose
zvakanga zvaitika. 15 Vachiri kutaura nokukurukurirana pamusoro
pezvinhu izvi, Jesu pachake akabva asvika uye akafamba navo; 16 asi meso
avo akabatwa zvokuti havana kumuziva.

17 Akavabvunza akati, "Muri kukurukurirana pamusoro peiko, zvamuri
kufamba kudai?"

Vakamira vakanyarara, zviso zvavo zvakasuwa. 18 Mumwe wavo ainzi
Kiropasi, akati kwaari, "Ndiwe woga mushanyi muJerusarema asingazivi
zvinhu zvakaitikamo mumazuva ano aya here?"

19 Jesu akati, "Zveiko?"

Vakapindura vachiti, "ZvaJesu weNazareta. Aiva muprofita, aiva
nesimba mushoko napamabasa pamberi paMwari uye nokuvanhu vose.
20 Vaprista vakuru navatongi vedu vakamuendesa kuti andotongerwa
rufu, saka vakamuroverera pamuchinjikwa; 21 asi isu takanga tichitarisira
kuti ndiye akanga achizodzikinura vaIsraeri. Pamusoro paizvozvo, ratova
zuva rechitatu kubvira pazvakaitika. 22 Uyezve vamwe vakadzi vokwedu
vatishamisa. Vaenda kuguva nhasi mambakwedza 23 asi havana kuwana
mutumbi wake urimo. Vauya vakatiudza kuti vaona chiratidzo chava-
tumwa, avo vati iye mupenyu. 24 Ipapo dzimwe shamwari dzedu dzaenda
kuguva dzikawana zviri izvo chaizvo zvanga zvataurwa navakadzi vaya,
asi iye havana kumuona."

25 Iye akati kwavari, "Haiwa imi vokusanzwisisa, uye vane mwoyo
inononoka kutenda zvose zvakarehwa navaprofita! 26 Ko, Kristu akanga
asingafaniri kutambudzika pazvinhu izvi agozopinda mukubwinya kwake

here?" 27 Ipapo akatanga naMozisi navaprofita vose, akavatsanangurira
zvakanyorwa pamusoro pake mumagwaro.
28 Kuzoti vava kusvika mumusha mavakanga vachienda, Jesu akaita
sokunge oda kupfuurira. 29 Asi vakamugombedzera zvikuru vachiti,
"Garai nesu, nokuti kwava kudoka; zuva rava kuvira." Saka akapinda
kuti andogara navo.
30 Akati agara navo patafura, akatora chingwa, akavonga, akachimedura
akatanga kuvapa. 31 Ipapo meso avo akasvinudzwa vakamuziva, akabva
anyangarika pamberi pavo. 32 Vakabvunzana vachiti, "Ko, mwoyo yedu
yanga isingapisi neiko mukati medu zvaanga achitaura nesu mumug-
wagwa uye achitizarurira magwaro?"
33 Vakasimuka panguva iyoyo vakadzokera kuJerusarema. Ikoko,
vakandowana vane Gumi noMumwe navamwe vavaiva navo, vakaungana
pamwe chete 34 vachiti, "Ichokwadi! Ishe amuka uye azviratidza kuna
Simoni." 35 Ipapo vaviri ava vakataura zvakanga zvaitika munzira, uye
kuti vakaziva sei Jesu paakamedura chingwa.

### *Jesu Anozviratidza kuVadzidzi*

36 Pavakanga vachiri kutaura pamusoro pazvo, Jesu pachake
akasvikomira pakati pavo akati, "Rugare ngaruve nemi."
37 Vakavhunduka uye vakatya, vachifunga kuti vaona mweya.
38 Iye akati kwavari, "Munotambudzika neiko, uye seiko kukahadzika
kuchimuka mupfungwa dzenyu? 39 Tarisai maoko angu netsoka dzangu.
Ndini iye! Ndibatei muone; mweya hauna nyama namapfupa, sezva-
munoona ndinazvo ini."
40 Akati areva izvi, akavaratidza maoko ake netsoka dzake. 41 Uye
pavakanga vachigere kutenda nokuda kwomufaro uye vachishamiswa,
akavabvunza akati, "Mune chokudya here pano?" 42 Vakamupa chimedu
chehove yakagochwa, 43 uye akachitora akachidya pamberi pavo.
44 Akati kwavari, "Izvi ndizvo zvandaikuudzai ndichinemi kuti: Zvinhu
zvose zvakanyorwa pamusoro pangu muMurayiro waMozisi, naVaprofita
nomuMapisarema zvinofanira kuzadziswa."
45 Ipapo akazarura ndangariro dzavo kuti vanzwisise Magwaro. 46 Akati
kwavari, "Izvi ndizvo zvakanyorwa kuti: Kristu achatambudzika agomuka
kubva kuvakafa pazuva rechitatu, 47 uye kuti kutendeuka nokuregererwa
kwezvivi kuchaparidzirwa kumarudzi ose muzita rake, kutanga pa-
Jerusarema. 48 Imi muri zvapupu zvezvinhu izvi. 49 Ndichakutumirai
chipikirwa chakavimbiswa naBaba; asi imi garai muguta kusvikira
mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro."

### *Kukwidzwa kwaJesu kudenga*

50 Akati avatungamirira kunze kweguta pedyo neBhetania, akatam-
banudza maoko ake akavaropafadza. 51 Achiri kuvaropafadza, ak-
abva pavari akatorwa akakwidzwa kudenga. 52 Ipapo vakamunamata
ndokubva vadzokera kuJerusarema nomufaro mukuru. 53 Uye vakaramba
vari mutemberi, vachirumbidza Mwari nguva dzose.

# JOHANI

### *Shoko Rakava Nyama*

1 Pakutanga pakanga pane Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari,
uye Shoko rakanga riri Mwari. 2 Iye aiva kuna Mwari kubva pakutanga.
3 Zvinhu zvose zvakaitwa kubudikidza naye; kunze kwake hakuna kana
chinhu chakaitwa pane izvo zvakaitwa. 4 Maari maiva noupenyu, uye
upenyu ihwohwo hwaiva chiedza chavanhu. 5 Chiedza chinovhenekera
murima, asi rima harina kuchikunda.
6 Pakanga pano murume akatumwa achibva kuna Mwari; zita rake
rainzi Johani. 7 Iye akauya sechapupu kuzopupurira chiedza chiya,
kuitira kuti vanhu vatende kubudikidza naye. 8 Akanga asiri iye chiedza
pachake; akauya chete ari sechapupu kuchiedza. 9 Chiedza chezvokwadi
chinovhenekera vanhu vose chainge chichizouya munyika.
10 Akanga ari munyika, uye kunyange nyika yakaitwa kubudikidza
naye, nyika haina kumuziva. 11 Akauya kuna avo vakanga vari vake, asi
vokwake havana kumugamuchira. 12 Asi kuna vose vakamugamuchira,
kuna avo vakatenda muzita rake, akavapa simba rokuti vave vana
vaMwari, 13 vana vasina kuberekwa neropa kana nokufunga kwomunhu
kana nokuda kwomurume, asi vakaberekwa naMwari.
14 Shoko rakava nyama uye rakagara pakati pedu. Takaona kubwinya
kwake, kubwinya kwaIye Mumwe Oga, akabva kuna Baba, azere nenyasha
uye nechokwadi.
15 Johani anopupura nezvake. Anodanidzira achiti, "Uyu ndiye uya
wandakati, 'Anouya mumashure mangu anondipfuura ini nokuti akan-
ditangira.' " 16 Kubva pakuzara kwake takagamuchira nyasha pamusoro
penyasha. 17 Nokuti murayiro wakapiwa kubudikidza naMozisi; nyasha
nezvokwadi zvakauya kubudikidza naJesu Kristu. 18 Hakuna akamboona
Mwari, asi Mwanakomana Iye Mumwe Oga, ari pachipfuva chaBaba,
akaita kuti azivikanwe.

### *Johani Mubhabhatidzi Anoti Haasi Iye Kristu*

19 Zvino uku ndiko kwaiva kupupura kwaJohani vaJudha veJerusarema
pavakatuma vaprista navaRevhi kuti vanomubvunza kuti iye aimbova
ani. 20 Haana kurega kupupura, asi akanyatsopupura pachena achiti,
"Handisini Kristu."
21 Vakamubvunza vakati, "Zvino ndiwe aniko? Ndiwe Eria here?"
Iye akati, "Handizi iye."
"Uri muprofita here?"
Akapindura akati, "Kwete."
22 Pakupedzisira vakati, "Ndiwe aniko? Tipindure tigondotaurira
vatituma. Unozviti aniko?"
23 Johani akapindura namashoko omuprofita Isaya achiti, "Ndini inzwi
reanodana murenje, richiti, 'Ruramisai nzira yaShe.' "
24 Zvino vamwe vaFarisi vakanga vatumwa 25 vakamubvunza vachiti,
"Seiko zvino uchibhabhatidza kana usiri Kristu, kana Eria kana Muprof-
ita?"

26 Johani akapindura akati, “Ini ndinobhabhatidza nemvura, asi pakati
penyu pamire mumwe wamusingazivi. 27 Ndiye anouya shure kwangu,
handikodzeri kusunungura rukanda rweshangu dzake.”

28 Izvi zvose zvakaitika paBhetani mhiri kwaJorodhani, uko kwaibhab-
hatidzira Johani.

### *Jesu Gwayana raMwari*

29 Chifume chamangwana Johani akaona Jesu achiuya kwaari akati,
“Tarirai, Gwayana raMwari, rinobvisa chivi chenyika! 30 Ndiye
wandaireva pandakati, ‘Murume anouya shure kwangu akandipfuura
nokuti akanditangira.’ 31 Ini pachangu ndakanga ndisingamuzivi, asi
zvandakauyira ndichibhabhatidza nemvura ndezvokuti iye aratidzwe
kuIsraeri.”

32 Ipapo Johani akapupura uchapupu uhu achiti, “Ndakaona mweya
achiburuka kubva kudenga akaita senjiva akamhara pamusoro pake.
33 Ndingadai ndisina kumuziva, asi uya akandituma kuti ndizobhab-
hatidza nemvura ndiye akandiudza achiti, ‘Murume uyo waunoona
Mweya achiburuka achigara paari, ndiye achazovabhabhatidza noMweya
Mutsvene.’ 34 Ndazviona uye ndinopupura kuti uyu ndiye Mwanakomana
waMwari.”

### *Vadzidzi Vokutanga vaJesu*

35 Chifume chamangwana Johani akanga aripozve navadzidzi vake
vaviri. 36 Akati achiona Jesu achipfuura akati, “Tarirai, Gwayana
raMwari!”

37 Vadzidzi vaviri vakati vachimunzwa achitaura izvi, vakatevera
Jesu. 38 Jesu akatendeuka akavaona vachitevera akavabvunza akati,
“Munodeiko?”

Ivo vakati, “ ‘Rabhi’ (ndiko kuti Mudzidzisi), munogarepiko?”

39 Akapindura akati, “Uyai muzokuona.”

Saka vakaenda vakandoona paaigara, vakaswera naye kwezuva rimwe
chete. Yakanga iri nguva inenge yegumi.

40 Andirea munun’una waPetro, ndiye mumwe wavaviri vakanga
vanzwa zvakanga zvarehwa naJohani uye vakanga vatevera Jesu.
41 Chinhu chokutanga chakaitwa naAndirea ndechokuti akatsvaka Simoni
mukoma wake akati kwaari, “Tamuwana Mesiya” (ndiko kuti Kristu).
42 Uye akauya naye kuna Jesu.

Jesu akatarisa kwaari akati, “Ndiwe Simoni mwanakomana waJohani.
Iwe uchanzi Kefasi” (ndiko kuti, kana zvichishandurwa, Petro).

### *Jesu Anodana Firipi naNatanieri*

43 Zuva rakatevera Jesu akafunga zvokuenda kuGarirea. Akati awana
Firipi akati kwaari, “Nditevere.”

44 Firipi, aibvawo kuguta reBhetisaidha saAndirea naPetro, 45 Firipi
akawana Natanieri akati kwaari, “Tamuwana uya akanyorwa nezvake
naMozisi muMurayiro, uyewo akanyorwa nezvake navaprofita, Jesu
weNazareta, mwanakomana waJosefa.”

46 Natanieri akati, “Nazareta! Pane chinhu chakanaka chingabva
kuNazareta here?”

Firipi akati, “Uya uone.”

47 Jesu akati achiona Natanieri achiuya, akati kwaari, “Houno muIsraeri
wechokwadi, asina kunyengera maari.”

48 Natanieri akamubvunza akati, “Mandiziva seiko?”

Jesu akapindura akati, "Ndakuona pawanga uri pasi pomuonde Firipi
asati akudana."
49 Ipapo Natanieri akati, "Rabhi, ndimi Mwanakomana waMwari; ndimi
Mambo weIsraeri."
50 Jesu akati, "Unotenda nokuti ndakuudza kuti ndakuona uri pasi
pomuonde. Uchaona zvinhu zvikuru kupinda izvozvo." 51 Ipapo
akatizve, "Ndinokuudzai chokwadi, muchaona denga richizaruka, uye
vatumwa vaMwari vachikwira nokuburuka pamusoro poMwanakomana
woMunhu."

# 2

*Jesu Anoshandura Mvura Ichiva Waini*

1 Pazuva rechitatu muchato wakaitwa paKana yomuGarirea. Mai vaJesu
vaivapo, 2 uye Jesu navadzidzi vake vakanga vakokwawo kumuchato uyu.
3 Waini yakati yapera, mai vaJesu vakati kwaari, "Havachina waini."
4 Jesu akapindura akati, "Nhai mai, munondipinzireiko mune izvi?
Nguva yangu haisati yakwana."
5 Mai vake vakati kuvaranda, "Itai zvose zvaanokuudzai."
6 Pakare ipapo pakanga pane makate amabwe matanhatu, anoshan-
diswa navaJudha patsika dzavo dzokushamba, rimwe nerimwe raizara
namarita ari pakati pamakumi mapfumbamwe nezana namakumi mana.
7 Jesu akati kuvaranda, "Zadzai makate nemvura." Saka vakaazadza
kusvikira pamuromo.
8 Ipapo akati kwavari, "Chicherai imwe zvino mugoipa kumukuru
womutambo."
Vakaita saizvozvo. 9 Uye mukuru womutambo akaravira mvura yakanga
yashandurwa ikava waini. Haana kuziva kwayakanga yabva, kunyange
zvazvo varanda vakanga vachera mvura vaiziva havo. Ipapo akadana
chikomba parutivi 10 akati, "Munhu wose anotanga kubudisa waini inon-
aka chose, zvino shure kwokunge vanhu vakakokwa vanwa zvakanyany-
isa, ipapo anozobudisa isinganaki; asi iwe wachengeta yakaisvonaka
kusvikira zvino."
11 Jesu akaita chiratidzo ichi chokutanga paKana yomuGarirea. Noku-
daro akaratidza kubwinya kwake, uye vadzidzi vake vakatenda kwaari.

*Jesu Anonatsa Temberi*

12 Shure kwaizvozvo akaburuka akaenda kuKapenaume namai vake,
navanun'una vake uye navadzidzi vake. Vakagara ikoko kwamazuva
mashoma.
13 Pasika yavaJudha yakati yava pedyo, Jesu akakwira kuJerusarema.
14 Muzvivanze zvetemberi akawana vanhu vachitengesa mombe, makwai
nenjiva, uye vamwe vakanga vagere patafura vachitsinhana mari. 15 Saka
akaruka tyava yerwodzi, akadzinga vose kubva panzvimbo yetemberi,
zvose makwai nemombe; akarasa kwose kwose mari yavakanga va-
chitsinhana, uye akapidigura tafura dzavo. 16 Akati kuna avo vakanga
vachitengesa njiva, "Budisai zvinhu izvi muno! Hamufaniri kushandura
imba yababa vangu muchiita musika wokutengeserana!"
17 Vadzidzi vake vakarangarira kuti kwakanyorwa kuchinzi, "Kushin-
gairira imba yenyu kuchandipedza."
18 Ipapo vaJudha vakati kwaari, "Ungatipa chiratidzo chipi chingatiradza
pachena kuti unoita zvinhu izvi zvose nesimba ripi?"

19 Jesu akavapindura akati, “Paradzai temberi iyi, uye ini
ndichaivakazve mumazuva matatu.”
20 VaJudha vakapindura vakati, “Zvakatora makore makumi mana
namatanhatu kuti temberi iyi ivakwe, uye iwe uchaimutsa mumazuva
matatu?” 21 Asi temberi yaaireva waiva muviri wake. 22 Shure kwoku-
muka kwake kubva kuvakafa, vadzidzi vake vakarangarira zvaakanga
ambotaura. Ipapo vakatenda Magwaro namashoko akanga ataurwa
naJesu.
23 Zvino paakanga ari muJerusarema paMutambo wePasika, vanhu
vazhinji vakaona zviratidzo zvaakanga achiita vakatenda muzita rake.
24 Asi Jesu haana kuvimba navo, nokuti aiziva vanhu vose. 25 Akanga
asingatsvaki uchapupu hwomunhu pamusoro pomunhu nokuti akanga
achiziva zvakanga zviri mumunhu.

# 3

### *Jesu Anodzidzisa Nikodhimasi*

1 Zvino kwakanga kuno mumwe murume weboka ravaFarisi ainzi
Nikodhimasi, nhengo yedare ravaJudha raitonga. 2 Akauya kuna Jesu
usiku akati, “Rabhi, tinoziva kuti muri mudzidzisi akabva kuna Mwari.
Nokuti hakuna munhu angagona kuita zviratidzo zvamunoita kana Mwari
asinaye.”
3 Jesu akapindura akati, “Ndinokuudza chokwadi, hakuna munhu
angaona umambo hwaMwari kana asina kuberekwa patsva.”
4 Nikodhimasi akabvunza akati, “Munhu angaberekwa seiko iye ava
mukuru? Zvirokwazvo haangagoni kupinda mudumbu ramai vake
kechipiri kuti aberekwe patsva!”
5 Jesu akapindura akati, “Ndinokuudza chokwadi, hakuna munhu
angapinda muumambo hwaMwari kana asina kuberekwa nemvura uye
noMweya. 6 Nyama inobereka nyama, asi Mweya anobereka Mweya.
7 Haufaniri kushamiswa nezvandareva ndichiti, ‘Unofanira kuberekwa
patsva.’ 8 Mhepo inovhuvhuta ichienda kwainoda. Unonzwa inzwi rayo,
asi haugoni kuziva kwainobva kana kwainoenda. Ndizvo zvakaitawo vose
vakaberekwa noMweya.”
9 Nikodhimasi akati, “Zvingaitika seiko izvi?”
10 Jesu akati, “Iwe uri mudzidzisi wavaIsraeri, asi haunzwisisi zvinhu
izvi? 11 Ndinokuudza chokwadi, tinotaura zvatinoziva, uye tinop-
upura zvatakaona, asi hazvo, imi vanhu hamutongogamuchiri uchapupu
hwedu. 12 Ndataura kwauri pamusoro pezvinhu zvapanyika uye hautendi;
zvino ungatenda sei kana ndikataura pamusoro pezvinhu zvokudenga?
13 Hakuna munhu akamboenda kudenga kunze kwaiye akabva kudenga,
iye Mwanakomana woMunhu. 14 Mozisi sezvaakasimudza nyoka murenje,
saizvozvo Mwanakomana woMunhu anofanira kusimudzwawo, 15 kuti ani
naani anotenda kwaari ave noupenyu husingaperi.
16 “Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa Mwanakomana
wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave
noupenyu husingaperi. 17 Nokuti Mwari haana kutuma Mwanakomana
wake panyika kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe kubudikidza
naye. 18 Ani naani anotenda kwaari haatongwi, asi ani naani asingatendi
atotongwa nokuti haana kutenda muzita roMwanakomana mumwe oga
waMwari. 19 Kutongwa ndokuku: Chiedza chakasvika munyika, asi vanhu
vakada rima panzvimbo yechiedza nokuti mabasa avo akanga akaipa.

20 Mumwe nomumwe anoita zvakaipa anovenga chiedza, uye haapindi
muchiedza nokuti anotya kuti mabasa ake angaiswa pachena. 21 Asi ani
naani anorarama muchokwadi anouya muchiedza, kuitira kuti zvaakaita
zvionekwe pachena kuti zvakaitwa kubudikidza naMwari."

### *Uchapupu hwaJohani Mubhabhatidzi pamusoro paJesu*

22 Shure kwaizvozvo, Jesu navadzidzi vake vakabuda vakaenda kunyika
yeJudhea, uko kwaakandogara navo kwechinguva, uye akabhabhatidza.
23 Zvino Johaniwo aibhabhatidza paAenoni pedyo neSarimu nokuti
pakanga pane mvura zhinji, uye vanhu vakanga vachiramba vachiuya kuti
vazobhabhatidzwa. 24 (Panguva iyi, Johani akanga asati aiswa mutorongo.)
25 Nharo dzakamuka pakati pavamwe vadzidzi vaJohani nomumwe mu-
Judha pamusoro penyaya dzokuzvinatsa nokushamba. 26 Vakauya kuna
Johani vakati kwaari, "Rabhi, uya murume wamakanga muinaye mhiri
kwaJorodhani, iye wamakapupura nezvake, onai, ari kubhabhatidza, uye
vanhu vose vari kuenda kwaari."

27 Johani akapindura achiti, "Munhu anongogamuchira chete zvaanenge
apiwa zvichibva kudenga. 28 Imi pachenyu mungandipupurira kuti
ndakati, 'Ini handisini Kristu, asi ndakatumwa mberi kwake.' 29 Mwenga
ndowechikomba. Shamwari inoshandira chikomba inomira ichimunzwa
uye inozara nomufaro painonzwa inzwi rechikomba. Mufaro uyo
ndowangu, uye iye zvino wakwana. 30 Anofanira kuva mukuru; ini
ndinofanira kudukupiswa.

31 "Uyo anobva kumusoro ndiye ari pamusoro pavose; uyo anobva
panyika ndowenyika, uye anotaura somunhu anobva panyika. Uyo
anobva kudenga ndiye ari pamusoro pavose. 32 Iye anopupura zvaakaona
nezvaakanzwa, asi hakuna munhu anogamuchira uchapupu hwake.
33 Munhu anohugamuchira, anopupura kuti Mwari ndowechokwadi.
34 Nokuti uyo akatumwa naMwari anotaura mashoko aMwari, nokuti
Mwari anopa Mweya asingayeri. 35 Baba vanoda Mwanakomana uye
vakaisa zvose mumaoko ake. 36 Ani naani anotenda muMwanakomana
ano upenyu husingaperi, asi ani naani anoramba Mwanakomana haan-
gaoni upenyu, nokuti kutsamwa kwaMwari kunogara pamusoro pake."

## 4

### *Jesu Anotaura noMukadzi weSamaria*

1 VaFarisi vakanzwa kuti Jesu akanga achiteverwa navanhu vazhinji uye
achibhabhatidza vadzidzi vakawanda kupfuura Johani, 2 kunyange zvake
akanga asiri Jesu aibhabhatidza, asi vadzidzi vake. 3 Ishe akati anzwa izvi,
akabva kuJudhea akadzokera kuGarirea zvakare.

4 Zvino akanga achifanira kupfuura nomuSamaria. 5 Saka akasvika
paguta romuSamaria rainzi Saika, pedyo nomunda wakanga wapiwa
kuna Josefa nababa vake Jakobho. 6 Tsime raJakobho raiva ipapo, uye
Jesu, aneta sezvo akanga achibva parwendo, akagara pasi patsime ipapo.
Yakanga iri nguva inenge yechitanhatu.

7 Mukadzi muSamaria akati auya kuzochera mvura, Jesu akati kwaari,
"Ndipewo mvura yokunwa?" 8 (Vadzidzi vake vakanga vapinda muguta
kuti vandotenga zvokudya.)

9 Mukadzi muSamaria akati kwaari, "Iwe uri muJudha uye ini ndiri
muSamaria. Seiko uchikumbira kwandiri mvura yokunwa?" (Nokuti
vaJudha havadyidzani navaSamaria.)

10 Jesu akamupindura akati, “Dai waiziva chipo chaMwari uye kuti
ndiani anokumbira mvura kwauri, ungadai wakumbira kwaari uye
angadai akupa mvura mhenyu.”

11 Mukadzi akati, “Ishe, hamuna chamungacheresa nacho uye tsime
rakadzika. Ko, mvura mhenyu mungaiwanepi? 12 Ko, imi muri mukuru
here, kuna baba vedu Jakobho, avo vakatipa tsime uye vakanwa pariri ivo
pachavo, sezvakaitawo vanakomana vavo namakwai avo nemombe?”

13 Jesu akapindura akati, “Ani naani anonwa mvura iyi achava neny-
otazve, 14 asi ani naani anonwa mvura yandichamupa haangatongovi
nenyota. Zvirokwazvo, mvura yandichamupa ini ichava maari chitubu
chemvura inoerera kuupenyu husingaperi.”

15 Mukadzi akati kwaari, “Ishe, ndipei mvura iyi kuitira kuti ndirege
kuzova nenyotazve uye ndirege kuramba ndichingouya kuzochera mvura
pano.”

16 Iye akati, “Enda, undodana murume wako ugodzoka pano.”

17 Akapindura akati, “Handina murume.”

Jesu akati kwaari, “Wareva zvakanaka pawati hauna murume.
18 Chokwadi ndeichi, wakava navarume vashanu, uye murume waunaye
zvino haazi murume wako. Zvawabva mukutaura ndicho chokwadi.”

19 Mukadzi akati, “Ishe, ndinoona kuti muri muprofita. 20 Madzibaba
edu ainamata pagomo iri, asi imi vaJudha munoti, nzvimbo yatinofanira
kunamata tiri ndimo muJerusarema.”

21 Jesu akati, “Mai, nditendei, nguva inouya yamuchanamata Baba
musiri pagomo rino kana muJerusarema. 22 Imi vaSamaria munonamata
chamusingazivi; isu tinonamata chatinoziva, nokuti ruponeso runobva
kuvaJudha. 23 Asi nguva inouya uye yatouya zvino apo vanamati
vechokwadi vachanamata Baba mumweya nomuzvokwadi, nokuti ndivo
vanamati vanotsvakwa naBaba kuti vamunamate. 24 Mwari mweya, uye
vanomunamata vanofanira kumunamata mumweya nomuzvokwadi.”

25 Mukadzi akati, “Ndinoziva kuti Mesiya, anonzi Kristu, ari kuuya.
Paanouya, acharondedzera zvinhu zvose kwatiri.”

26 Ipapo Jesu akataura akati, “Ini ndiri kutaura newe ndini iye.”

### *Vadzidzi vanodzokerazve kuna Jesu*

27 Pakarepo vadzidzi vake vakadzokera kwaari uye vakashamiswa
vachiona achitaura nomukadzi. Asi hapana akamubvunza kuti, “Unodei?”
kana kuti “Munotaurireiko naye?”

28 Ipapo, asiya chirongo chake, mukadzi akadzokera kuguta akandoti
kuvanhu, 29 “Uyai, muone murume anditaurira zvinhu zvose zvandakaita.
Kuti uyu angava iye Kristu here?” 30 Vakabuda muguta vakapinda munzira
yavo vakananga kwaari.

31 Vanhu vasati vasvika, vadzidzi vake vakafanomukurudzira vachiti,
“Rabhi, imbowanai chamungadya.”

32 Asi iye akati kwavari, “Ndine chokudya chandinodya
chamusingazivi.”

33 Ipapo vadzidzi vake vakati kuno mumwe nomumwe wavo, “Asi pano
munhu amuvigira zvokudya kanhi?”

34 Jesu akati kwavari, “Zvokudya zvangu ndiko kuita kuda kwowakan-
dituma uye nokupedza basa rake. 35 Ko, imi hamuti here, ‘Kwasara
mwedzi mina ipapo kucheka kwobva kwasvika?’ Ndinoti kwamuri,
svinurai meso enyu uye mutarise kuminda! Yatoibva kuti ikohwewe.

36 Kunyange iye zvino mukohwi anopiwa mubayiro wake, kunyange
izvozvi anokohwa zvibereko zvoupenyu husingaperi, kuitira kuti mukushi
nomukohwi vagofara pamwe chete. 37 Nokuti tsumo inoti, 'Mumwe
anokusha uye mumwe anokohwa ndeyezvokwadi.' 38 Ndakakutumai
kunokohwa zvamusina kushandira. Vamwe vakaita basa rakaoma, uye
imi makakohwa mubayiro wokubata kwavo."

### *VaSamaria vazhinji vanotenda*

39 VaSamaria vazhinji vaibva muguta iro vakatenda kwaari nokuda
kwouchapupu hwomukadzi hwokuti, "Akanditaurira zvose zvandakaita."
40 Saka vaSamaria vakasvika kwaari, vakamukumbira kuti agare navo,
nokudaro akagarapo kwamazuva maviri. 41 Uye nokuda kwamashoko ake
vamwezve vazhinji vakava vatendi.
42 Vakati kumukadzi uya, "Hatichatongotendi nokuda kwezvawataura
chete; zvino tazvinzwira pachedu, uye tinoziva kuti murume uyu chok-
wadi ndiye Muponesi wenyika."

### *Jesu Anoporesa Mwanakomana woMutariri*

43 Mazuva maviri akati apfuura, akabva akaenda kuGarirea. 44 Zvino
Jesu pachake akanga ambopupura kuti muprofita haakudzwi mun-
yika yokwake. 45 Akati asvika muGarirea, vaGarirea vakamuga-
muchira. Vakanga vaona zvose zvaakanga aita muJerusarema pamu-
tambo wePasika, nokuti naivowo vaivapo.
46 Akashanyirazve Kana yomuGarirea, uko kwaakanga ashandura
mvura ikava waini. Uye ikoko kwakanga kuno mumwe mutariri
wamambo akanga ane mwanakomana wake akanga avete achirwara
paKapenaume. 47 Murume uyu akati anzwa kuti Jesu asvika muGarirea
achibva kuJudhea, akaenda kwaari akandomukumbira kuti auye azo-
poresa mwanakomana wake, uyo akanga ava pedyo nokufa.
48 Jesu akati kwaari, "Kana imi vanhu musina kuona zviratidzo
nezvishamiso, hamungatongotendi." 49 Mutariri wamambo akati, "Ishe,
burukai muuye mwana wangu asati afa."
50 Jesu akapindura akati, "Enda hako. Mwanakomana wako
achararama."
Murume uyu akagamuchira shoko raJesu akaenda. 51 Achiri munzira
varanda vake vakasangana naye namashoko okuti mukomana akanga
apora. 52 Akati abvunza nguva yakatanga mwana kunzwa zviri nani, ivo
vakati kwaari, "Fivha yakabva paari nezuro panguva dzechinomwe."
53 Ipapo baba vaya vakayeuka kuti ndiyo yakanga iri nguva chaiyo
paakanzi naJesu, "Mwanakomana wako achararama." Saka iye neimba
yake yose vakatenda.
54 Ichi ndicho chakanga chiri chiratidzo chechipiri chakaitwa naJesu,
abva kuJudhea ava kuGarirea.

## 5

### *Kuporeswa kwoMunhu paDziva reBhetesdha*

1 Shure kwaizvozvo, Jesu akakwira kuJerusarema kumutambo wava-
Judha. 2 Zvino muJerusarema mune dziva riri pedyo neSuo raMakwai,
rinonzi Bhetesdha nechiHebheru, uye rakapoteredzwa namabiravira
mashanu. 3 Imomo vanhu vazhinji vakaremara vaisivatamo, mapofu,
zvirema navakafa mitezo. 4 Nguva nenguva mutumwa waShe aiburuki-
ramo achibvongodza mvura. Munhu aitanga kupinda mudziva shure

kwenguva ipi zvayo yainge yabvongodzwa mvura aiporeswa pachirwere
chipi zvacho chaainge anacho. 5 Mumwe murume akanga arimo akanga
arwara kwamakore makumi matatu namasere. 6 Jesu akati amuona avete
imomo, uye aiziva kuti akanga aita mararamiro iwayo kwenguva refu,
akamubvunza akati, “Unoda kuporeswa here?”

7 Murwere akati, “Ishe, handina munhu anondibatsira kuti ndipinde
mudziva mvura painenge yabvongodzwa. Ndichiri kuedza kupinda,
mumwe anonditangira.”

8 Ipapo Jesu akati kwaari, “Simuka! Tora rukukwe rwako ufambe.”
9 Pakarepo murume uyu akaporeswa; akatora rukukwe rwake akafamba.

Zuva rakaitika izvi raiva reSabata. 10 Naizvozvo vaJudha vakati kumu-
rume uya akanga aporeswa, “Nhasi iSabata; murayiro unokurambidza
kuti utakure rukukwe rwako.”

11 Asi iye akapindura akati, “Murume andiporesa ati kwandiri, ‘Takura
rukukwe rwako ufambe.’ ”

12 Saka vakamubvunza vakati, “Ndianiko murume uyu akutaurira kuti
urutakure ufambe?”

13 Murume uya akanga aporeswa akanga asingazivi kuti ainge ari ani,
nokuti Jesu akanga apinda mukati meungano yakanga iripo.

14 Shure kwaizvozvo, Jesu akamuwana ari mutemberi uye akati kwaari,
“Tarira, wapora. Usatadzazve kuti urege kuwirwa nechimwe chinhu
chakaipisisa.” 15 Murume akabva akaenda akandoudza vaJudha kuti
ndiJesu akanga amuporesa.

### *Upenyu nokuMwanakomana*

16 Saka nokuda kwokuti Jesu akanga achiita zvinhu izvi nomusi
weSabata, vaJudha vakamutambudza. 17 Jesu akati kwavari, “Baba
vangu vanoramba vari pabasa ravo kusvikira nhasi chaiye, uye neniwo,
ndiri kushanda.” 18 Nokuda kwaizvozvi, vaJudha vakaedza zvakanyanya
kwazvo kuti vamuuraye; nokuti akanga asingaputsi Sabata chete, asi
akanga achitiwo Mwari ndiBaba vake, achizvienzanisa naMwari.

19 Jesu akapindura akati, “Ndinokuudzai chokwadi, Mwanakomana
haagoni kuita chinhu ari oga; anongogona kuita zvaanoona Baba vake
vachiita, nokuti zvose zvinoitwa naBaba, Mwanakomana anozviitawo.
20 Nokuti Baba vanoda Mwanakomana uye vanomuratidza zvose zva-
vanoita ivo. Hongu, kuti imi mushamiswe, vachamuratidza kunyange
zvinhu zvikuru kwazvo kupfuura izvi. 21 Nokuti sezvo Baba vachimutsa
vakafa uye vachivapa upenyu, saizvozvo Mwanakomana anopa upenyu
kuno uyo waanofarira kuti ape. 22 Pamusoro paizvozvo, Baba havatongi
munhu, asi vakapa Mwanakomana kutonga kwose, 23 kuti vose vakudze
Mwanakomana sokukudza kwavanoita Baba. Uyo asingakudzi Mwanako-
mana, haakudzi Baba vakamutuma.

24 “Ndinokuudzai chokwadi kuti, ani naani anonzwa shoko rangu uye
achitenda uyo akandituma, ano upenyu husingaperi uye haachazotongwi,
abva murufu uye aenda kuupenyu. 25 Ndinokuudzai chokwadi kuti,
nguva inouya uye yatosvika zvino yokuti vakafa vachanzwa inzwi
roMwanakomana waMwari uye avo vanonzwa vachararama. 26 Nokuti
sezvo Baba vano upenyu mavari, saizvozvowo vakapa Mwanakomana kuti
ave noupenyu maari. 27 Uye vakamupa simba rokuti atonge nokuti ndiye
Mwanakomana woMunhu.

28 “Musashamiswa pane izvi, kuti nguva inouya yokuti vose vari
mumakuva avo vachanzwa inzwi rake 29 uye vachamuka; vose vakaita

zvakanaka vachamuka vachienda kuupenyu, uye avo vakaita zvakaipa
vachamuka vachienda kukutongwa. [30] Ini ndoga handigoni kuita chinhu;
ndinongotonga sezvandinenge ndanzwa, uye kutonga kwangu kwakaru-
rama, nokuti handitsvaki kuzvifadza asi iye akandituma.

*Zvapupu pamusoro paJesu*

[31] “Kana ndichizvipupurira, uchapupu hwangu hahuna maturo. [32] Pano
mumwe anondipupurira, uye ndinoziva kuti uchapupu hwake pamusoro
pangu ndohwechokwadi.
[33] “Makatuma nhume kuna Johani naiye akapupurira chokwadi.
[34] Hazvirevi kuti ndinogamuchira kupupura kwavanhu; asi ndareva
izvi kuti muponeswe. [35] Johani akanga ari mwenje waipfuta uye
uchivhenekera, uye imi makasarudza kufara kwenguva duku muchiedza
chake.
[36] “Ndino uchapupu hukuru kupfuura hwaJohani. Nokuti iro basa
chairo randakapiwa naBaba kuti ndiripedze, uye randiri kuita, ri-
nondipupurira kuti Baba vakandituma. [37] Uye ivo Baba vakandituma
vakapupura pachavo pamusoro pangu. Hamuna kutombonzwa inzwi ravo
kana kuona chimiro chavo, [38] uye shoko ravo harigari mukati menyu,
nokuti hamutendi iye waakatuma. [39] Munoshingaira kunzvera magwaro
nokuti munofunga kuti maari mune upenyu husingaperi. Magwaro iwaya
anopupura pamusoro pangu, [40] asi imi munoramba kuuya kwandiri kuti
muve noupenyu.
[41] “Handigamuchiri kurumbidzwa kunobva kuvanhu, [42] asi ndi-
nokuzivai. Ndinoziva kuti hamuna rudo rwaMwari mumwoyo
yenyu. [43] Ndakauya muzita raBaba vangu, asi hamundigamuchiri;
asi kana mumwewo zvake akauya muzita rake, muchamugamuchira.
[44] Mungatenda seiko kana muchikudzana pachenyu asi musingashingairiri
kuwana kurumbidzwa kunobva kuna Mwari oga?
[45] “Asi musafunga kuti ndichakupomerai mhosva pamberi paBaba.
Mupomeri wenyu ndiMozisi, wamunoisa tariro yenyu maari. [46] Dai
maitenda Mozisi, mungadai maitendawo ini, nokuti akanyora nezvangu.
[47] Asi sezvo musingatendi zvaakanyora, muchatenda seiko zvandinoreva?”

# 6

*Vanhu Zviuru Zvishanu Vanopiwa Zvokudya naJesu*

[1] Shure kwaizvozvi, Jesu akayambuka akaenda mhiri
kumahombekombe eGungwa reGarirea (ndiro Gungwa reTibheriasi),
[2] uye vazhinji zhinji vakamutevera nokuti vakanga vaona zviratidzo
zvaakanga aita pavarwere. [3] Ipapo Jesu akakwira pagomo akagara pasi
navadzidzi vake. [4] Mutambo wavaJudha wePasika wakanga wava pedyo.
[5] Jesu akati asimudza meso ake akaona vanhu vazhinji zhinji vachiuya
kwaari, akati kuna Firipi, “Tichatenga chingwa kupiko chokuti vanhu ava
vadye?” [6] Akabvunza izvi achida chete kumuedza, nokuti akanga atoziva
kare mupfungwa dzake zvaakanga achizoita.
[7] Firipi akamupindura akati, “Mubayiro unoshandirwa kwemwedzi
misere haugoni kutenga chingwa chinokwana mumwe nomumwe hake,
kuti awane chimedu!”
[8] Mumwe wavadzidzi vake, Andirea, munun’una waPetro, akati,
[9] “Houno mukomana ane zvingwa zviduku zvebhari nehove mbiri, asi
zvingasvikepiko pakati pavanhu vakawanda zvakadai?”

[10] Jesu akati, “Itai kuti vanhu vagare pasi.” Panzvimbo iyo pakanga pano
uswa huzhinji kwazvo, uye varume vakagara pasi vakanga vachikarosvika
zviuru zvishanu. [11] Ipapo Jesu akatora zvingwa zviya, akavonga, uye
akazvigovera kuna vaya vakanga vagara pasi mumwe nomumwe paaida
napo. Akaita zvimwe chetezvo nehove.
[12] Vakati vadya vose, akati kuvadzidzi vake, “Unganidzai zvimedu zvose
zvasara. Musarega zvichiraswa.” [13] Saka vakazviunganidza zvikazara
matengu gumi namaviri nezvimedu zvezvingwa zvebhari zvishanu,
zvakanga zvasiyiwa navaya vakanga vadya.
[14] Vanhu vakati vaona chiratidzo chakanga chaitwa naJesu, vakatanga
kuti, “Zvirokwazvo uyu ndiye muprofita aifanira kuuya panyika.” [15] Jesu,
akaziva kuti vaida kumumanikidza kuti vamuite mambo, akabvazve,
akaenda kugomo ari oga.

### *Jesu Anofamba Pamusoro peMvura*

[16] Nguva yamadekwana yakati yasvika, vadzidzi vake vakaburuka
vakaenda kugungwa, [17] uko kwavakandopinda mugwa vakasimuka
vakayambuka vakaenda mhiri kwegungwa vakananga kuKapenaume.
Zvino kwakanga kwasviba, uye Jesu akanga asati ava pavari. [18] Mhepo
ine simba yakanga ichivhuvhuta uye kukava namafungu ane hasha.
[19] Vakati vakwasva igwa kwamakiromita angaita mashanu kana matan-
hatu, vakaona Jesu achiuya kuigwa, achifamba pamusoro pemvura;
uye vakatya zvikuru. [20] Asi iye akati kwavari, “Ndini; musatya.”
[21] Ipapo vakafara kumugamuchira mugwa; pakarepo igwa rakasvika
kumahombekombe kwavakanga vakananga.
[22] Fume mangwana, vanhu vazhinji vakanga vasara mhiri kwegungwa
vakatanga kuona kuti pakanga pachingova neigwa rimwe chete ipapo, uye
kuti Jesu haana kunge apinda mariri kuti aende navadzidzi vake, asi kuti
vakanga vaenda vari voga. [23] Ipapo mamwe magwa aibva kuTibheriasi
akasvika pedyo nenzvimbo yakanga yadyirwa chingwa navanhu shure
kwokuvonga kwaShe. [24] Vazhinji vakati vaona kuti Jesu navadzidzi
vake vakanga vasisipo, vakapinda mumagwa ndokuenda kuKapenaume
vachitsvaka Jesu.

### *Jesu ndiye Chingwa choUpenyu*

[25] Vakati vamuwana ari mhiri kwegungwa vakamubvunza vakati,
“Rabhi, makauya kuno riniko?”
[26] Jesu akapindura akati, “Ndinokuudzai chokwadi kuti, muri kun-
ditsvaka, kwete nokuda kwokuti makaona zviratidzo, asi nokuda kwokuti
makadya zvingwa uye mukaguta. [27] Musashandira zvokudya zvinopera,
asi shandirai zvokudya zvinogara kuupenyu husingaperi zvamuchapiwa
noMwanakomana woMunhu. Mwari Baba vakaisa chisimbiso chavo
paari.”
[28] Ipapo vakamubvunza vakati, “Tinofanira kuita seiko kuti tiite mabasa
anodikanwa naMwari?”
[29] Jesu akapindura akati, “Basa raMwari nderiri: kuti mutende kuna iye
waakatuma.”
[30] Saka vakamubvunza vakati, “Muchatiratidza chiratidzo cheiko chatin-
gaona kuti tigokutendai? Muchaiteiko? [31] Madzibaba edu akadya
mana murenje; sezvazvakanyorwa zvichinzi: ‘Akavapa chingwa chakabva
kudenga kuti vadye.’ ”
[32] Jesu akati kwavari, “Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, haasi Mozisi
akakupai chingwa chakabva kudenga, asi kuti ndiBaba vangu vanokupai

chingwa chezvokwadi chinobva kudenga. 33 Nokuti chingwa chaMwari
ndiye anoburuka achibva kudenga uye anopa upenyu kunyika."

34 Ivo vakati, "Ishe, kubva zvino zvichienda mberi, tipei chingwa ichi."

35 Ipapo Jesu akataura achiti, "Ndini chingwa choupenyu. Ani
naani anouya kwandiri haangatongovi nenzara, uye ani naani anotenda
kwandiri haangatongovi nenyota. 36 Asi sezvandakakuudzai, makandiona
uye hamutendi nazvino. 37 Zvose zvandinopiwa naBaba zvichauya
kwandiri, uye ani naani anouya kwandiri handingatongomurasiri kure.
38 Nokuti handina kuburuka kubva kudenga kuti ndizoita kuda kwangu
asi kuti ndizoita kuda kwaiye akandituma. 39 Uye uku ndiko kuda
kwaiye akandituma, kuti ndirege kurasikirwa navose vaakandipa, asi
kuti ndivamutse pazuva rokupedzisira. 40 Nokuti kuda kwaBaba vangu
ndiko kuti ani naani anotarira kuMwanakomana agotenda kwaari achava
noupenyu husingaperi, uye ndichamumutsa pazuva rokupedzisira."

41 Ipapo, vaJudha vakatanga kugunun'una pamusoro pake nokuti akati,
"Ndini chingwa chakaburuka kubva kudenga." 42 Vakati, "Ko, uyu haasi
Jesu, mwanakomana waJosefa here, watinoziva baba vake namai vake?
Zvino anotaura sei achiti, 'Ndakaburuka kubva kudenga'?"

43 Jesu akapindura akati, "Regai kugunun'una pakati penyu. 44 Hakuna
munhu angauya kwandiri kunze kwokunge Baba vakandituma vamukw-
eva, uye ndichamumutsa pazuva rokupedzisira. 45 Muvaprofita makany-
orwa muchinzi: 'Vose vachadzidziswa naMwari.' Ani naani anoteerera
kuna Baba uye anodzidza kubva kwavari anouya kwandiri. 46 Hakuna
munhu akaona Baba kunze kwouyo anobva kuna Mwari; ndiye chete
akaona Baba. 47 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo anotenda ndiye ano
upenyu husingaperi. 48 Ndini chingwa choupenyu. 49 Madzitateguru
enyu akadya mana mugwenga, asi vakafa. 50 Asi hechino chingwa
chinobva kudenga, chinoti kana munhu akadya haangafi. 51 Ndini
chingwa chipenyu chakaburuka kubva kudenga. Kana munhu upi zvake
akadya chingwa ichi, achararama nokusingaperi. Chingwa ichi inyama
yangu, yandichapa nokuda kwoupenyu hwenyika."

52 Ipapo vaJudha vakatanga kukakavadzana zvikuru pakati pavo vachiti,
"Munhu uyu angatipa nyama yake kuti tiidye seiko?"

53 Jesu akati kwavari, "Ndinokuudzai chokwadi kuti, kana musingadyi
nyama yoMwanakomana woMunhu nokunwa ropa rake, hamuna upenyu
mamuri. 54 Ani naani anodya nyama yangu nokunwa ropa rangu anogara
mandiri, uye ini maari. 55 Nokuti nyama yangu ndicho chokudya chaicho.
56 Ani naani anodya nyama yangu uye anonwa ropa rangu anogara
mandiri, neni maari. 57 Sezvo Baba vapenyu vakandituma uye ndichi-
rarama nokuda kwaBaba, saizvozvo uyo anodya pandiri achararama
nokuda kwangu. 58 Ichi ndicho chingwa chakaburuka kubva kudenga.
Madzitateguru enyu akadya mana uye akafa, asi ani naani anodya
chingwa ichi achararama nokusingaperi." 59 Akataura izvi paakanga
achidzidzisa ari musinagoge muKapenaume.

### *Vadzidzi vaJesu vazhinji vanomusiya*

60 Pavakanzwa izvi, vadzidzi vake vazhinji vakati, "Kudzidzisa uku
kwakaoma. Ndianiko angakugamuchira?"

61 Achiziva zvake kuti vadzidzi vake vakanga vachigunun'una pamusoro
paizvozvi, Jesu akati kwavari, "Izvi zvinokugumburai here? 62 Muchaita

sei kana mukaona Mwanakomana woMunhu achikwira achienda kwaaim-
bova kare! 63 Mweya ndiye anopa upenyu, nyama haina chainobatsira.
Mashoko andataura kwamuri ndiwo mweya, uye ane upenyu. 64 Asi
vamwe venyu varipo vasingatendi." Nokuti Jesu akanga achiziva kubva
pakutanga kuti ndivanaani pakati pavo vakanga vasingatendi uye kuti
ndiani aizomupandukira. 65 Akaenderera mberi achiti, "Ndokusaka
ndakuudzai kuti hakuna munhu angauya kwandiri kunze kwokunge
azvipiwa naBaba."
66 Kubva panguva iyi vadzidzi vake vazhinji vakadzokera shure uye
vakasazomutevera.
67 Jesu akabvunza vane gumi navaviri akati, "Nemiwo hamusi kuda
kuenda here?"
68 Simoni akati, "Ishe, tichaenda kuna aniko? Imi mune mashoko
oupenyu husingaperi. 69 Tinotenda uye tinoziva kuti ndimi Mutsvene
waMwari."
70 Ipapo Jesu akati, "Handina kukusarudzai, imi vane gumi navaviri
here? Asi mumwe wenyu ndidhiabhori!" 71 Akanga achireva Judhasi,
mwanakomana waSimoni Iskarioti, uyo, kunyange akanga ari mumwe
wavane gumi navaviri, aizomupandukira.

# 7

### *Jesu Anoenda kuMutambo waMatumba*

1 Shure kwaizvozvo, Jesu akafamba muGarirea, asingadi kuenda ku-
Judhea nokuti vaJudha vaikoko vakanga vachitsvaka kumuuraya. 2 Asi
Mutambo waMatumba wavaJudha wakati wava pedyo, 3 vanun'una
vaJesu vakati kwaari, "Munofanira kubva pano muende kuJudhea, kuitira
kuti vadzidzi venyu vagoona zvishamiso zvamunoita. 4 Hakuna munhu
anoda kuva nomukurumbira anoita zvinhu zvake muchivande. Sezvo
muchiita zvinhu izvi, chizviratidzai imi kunyika." 5 Nokuti kunyange
vanun'una vake chaivo vakanga vasingatendi kwaari.
6 Naizvozvo Jesu akati kwavari, "Nguva yangu yakanaka haisati yasvika;
asi kwamuri, nguva ipi zvayo yakangonaka. 7 Nyika haigoni kukuvengai,
asi ini inondivenga nokuti ndinopupura kuti zvainoita zvakaipa. 8 Endai
henyu imi kuMutambo. Ini handisati ndoenda kuMutambo uyu, nokuti
nguva yakanaka kwandiri haisati yasvika." 9 Akati areva izvi, akagara
muGarirea.
10 Zvisinei hazvo, shure kwokuenda kwavanun'una vake kuMutambo,
iye akazoendawo, kwete pachena, asi muchivande. 11 Zvino vaJudha
vakamutsvaka uye vakabvunza paMutambo kuti, "Murume uya aripiko?"
12 Vanhu vazhinji vaingozeverana nezvake kwose kwose.
Vamwe vaiti, "Munhu akanaka," vamwe vachiti, "Kwete, anonyengera
vanhu." 13 Asi kwakanga kusina munhu aitaura izvozvo pachena nokuda
kwokutya vaJudha.

### *Jesu Anodzidzisa paMutambo*

14 Mutambo wakati wava pakati, Jesu ndipo paakazokwidza kutemberi
uye akatanga kudzidzisa. 15 VaJudha vakashamiswa uye vakabvunza
vakati, "Murume uyu akawana ruzivo rwakadai seiko iye asina kudzidza?"
16 Jesu akapindura akati, "Kudzidzisa kwangu hakuzi kwangu pachangu.
Kunobva kuna iye akandituma. 17 Kana munhu akasarudza kuita kuda
kwaMwari, achazoona kuti kudzidzisa kwangu kunobva kuna Mwari kana
kuti ndinongotaura ndoga. 18 Uyo anotaura zvake anoita izvozvo kuti

azviwanire kukudzwa, asi uyo anoshandira kukudzwa kwaiye akamu-
tuma ndiye munhu wechokwadi; hapana zvokunyengera paari. 19 Ko,
Mozisi haana kukupai murayiro here? Asi hapana kana mumwe wenyu
anochengeta murayiro. Seiko muchiedza kundiuraya?"

20 Vanhu vazhinji vakapindura vakati, "Une dhimoni iwe. Ndianiko
anoda kukuuraya?"

21 Jesu akati kwavari, "Ndakaita chishamiso chimwe chete, asi imi
mose muri kushamiswa nazvo. 22 Asi nokuda kwokuti Mozisi akakupai
kudzingiswa (kunyange zvazvo kusina kubva kuna Mozisi, asi kumadz-
ibaba enyu), imi munodzingisa mwana nomusi weSabata. 23 Zvino kana
mwana achigona kudzingiswa nomusi weSabata kuti murayiro waMozisi
urege kuputswa, seiko muchinditsamwira nokuda kwokuti ndaporesa
munhu nomusi weSabata? 24 Regai kutonga nezvinoonekwa zvomunhu,
asi tongai zvakarurama."

### *Jesu ndiye Kristu here?*

25 Panguva iyoyo vamwe vanhu veJerusarema vakatanga kubvunzana
vachiti, "Ko, uyu haasiye murume uya wavari kuedza kuuraya here?
26 Hoyu ari pano, ari kutaura zvake pachena, uye havatauri kana shoko
kwaari. Ko, vakuru vatenderana kanhi kuti ndiye Kristu? 27 Asi
tinoziva kunobva murume uyu; Kristu paanouya, hakuna munhu achaziva
kwaanobva."

28 Ipapo Jesu, achiri kudzidzisa ari mutemberi, akadanidzira achiti,
"Hongu, munondiziva, uye munoziva kwandinobva. Handisi pano nokuda
kwangu, asi uyo akandituma ndiye wechokwadi. Imi hamumuzivi, 29 asi
ini ndinomuziva nokuti ndinobva kwaari, uye ndiye akandituma."

30 Ipapo vakaedza kumubata, asi hapana munhu akaisa ruoko paari,
nokuti nguva yake yakanga ichigere kusvika. 31 Kunyange zvakadaro,
vazhinji pakati pavanhu vakatenda kwaari. Vakati, "Kristu paanouya,
achaita zviratidzo zvizhinji kupfuura murume uyu here?"

32 VaFarisi vakanzwa vanhu vazhinji vachiita zevezeve rezvinhu
zvakadai pamusoro pake. Ipapo vaprista vakuru navaFarisi vakatuma
varindi vomutemberi kuti vandomusunga.

33 Jesu akati kwavari, "Ndinongova nemi kwechinguva chiduku,
uye mushure maizvozvo ndichazoenda kuna iye akandituma.
34 Muchanditsvaka, asi hamuchazondiwani; uye pandinenge ndiri,
hamugoni kusvikapo."

35 VaJudha vakataurirana vachiti, "Munhu uyu ari kuda kuenda kupiko
kwatisingazomuwani? Achaenda here kuvanhu vedu vakapararira pakati
pavaGiriki, agondodzidzisa vaGiriki? 36 Anga achireveiko paati, 'Muchan-
ditsvaka, asi hamuchazondiwani,' uye 'Pandinenge ndiri, imi hamugoni
kusvikapo'?"

37 Pazuva rokupedzisira uye zuva guru roMutambo, Jesu akasimuka
akadanidzira nenzwi guru achiti, "Kana pane munhu ane nyota, ngaauye
kwandiri azonwa. 38 Ani naani anotenda kwandiri, sezvazvakarehwa
muRugwaro, hova dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati
make." 39 Nokutaura uku, akanga achireva zvoMweya Mutsvene, uyo
waizogamuchirwa navaya vanotenda kwaari. Nokuti Mweya wakanga
usati wapiwa, sezvo Jesu akanga asati apinda mukubwinya kwake.

40 Vakati vanzwa mashoko ake, vamwe vanhu vakati, "Zvirokwazvo
murume uyu muprofita."

41 Vamwe vakati, "Ndiye Kristu."

Asi vamwe vakati, “Kristu angabva seiko kuGarirea? 42 Rugwaro
harutauri here kuti Kristu achabva kurudzi rwaDhavhidhi uye nokuB-
heterehema, guta raigara Dhavhidhi?” 43 Nokudaro vanhu vakapesana
nokuda kwaJesu. 44 Vamwe vakada kumubata, asi hapana akaisa ruoko
paari.

*Kusatenda kwaVatungamiri vavaJudha*

45 Pakupedzisira varindi vetemberi vakadzokera kuvaprista vakuru
nokuvaFarisi, vakavabvunza vakati, “Seiko musina kuuya naye kuno?”

46 Varindi vakati kwavari, “Hakuna munhu akatombotaura nenzira
inoitwa nomurume uyu.”

47 VaFarisi vakati, “Munoreva kuti atokunyengerai nemiwo? 48 Pane
mumwe wavatongi kana wavaFarisi ava kutenda kwaari here? 49 Kwete!
Asi vanhu vazhinji ava vasingatongozivi murayiro, vakatukwa ava.”

50 Nikodhimasi, uya akanga amboenda kuna Jesu uye akanga ari mumwe
wavo, akati, 51 “Ko, murayiro wedu unopomera munhu mhosva asina
kutanga ambonzwikwa kuti zvionekwe kuti ari kuitei here?”

52 Vakapindura vakati, “Newewo uri weGarirea? Nzvera, uye uchaona
kuti hakuna muprofita anobva kuGarirea.”

53 Ipapo mumwe nomumwe akaenda kumba kwake.

# 8

1 Asi Jesu akaenda kuGomo reMiorivhi. 2 Panguva dzamambakwedza
akazviratidzazve mutemberi, vanhu vakamuunganira, uye akagara pasi
kuti avadzidzise. 3 Vadzidzisi vomurayiro navaFarisi vakapinda no-
mukadzi akanga abatwa achiita upombwe. Vakamuita kuti amire pamberi
peboka 4 uye vakati kuna Jesu, “Mudzidzisi, mukadzi uyu abatwa achiita
upombwe. 5 MuMurayiro Mozisi akatirayira kuti titake namabwe vakadzi
vakadai. Zvino imi munoti kudii?” 6 Vakanga vachishandisa mubvunzo
uyu kuti vamuteye, vawane hwaro hwokumupa mhosva.

Asi Jesu akakotama akatanga kunyora pasi nomunwe wake. 7 Vakati
varamba vachimubvunza, akatwasuka akati kwavari, “Kana pane asina
chivi pakati penyu, ngaave iye wokutanga kupotsera dombo kwaari.”
8 Akakotamazve akanyora pasi.

9 Vakati vanzwa izvi, vose vakatanga kubva vachiita mumwe mumwe,
kutanga vakuru, kusvikira Jesu asara oga, uye mukadzi achakangomi-
rapo. 10 Jesu akatwasuka akati kwaari, “Mai, varipiko vaya vanga
vachikupomera mhosva? Hapana akutonga here?”

11 Iye akati, “Hapana, Ishe.”

Jesu akati, “Neniwo handikupi mhosva. Zvino chienda, uye usiye
upenyu hwako hwechivi.”

*Kukosha kwoUchapupu hwaJesu*

12 Jesu achitaurazve navanhu, akati, “Ndini chiedza chenyika. Ani
naani anonditevera haangatongofambi murima, asi achava nechiedza
choupenyu.”

13 VaFarisi vakamupikisa vachiti, “Hezvo, uri kuratidza wani kuti
unozvipupurira pachako; uchapupu hwako hahuna maturo.”

14 Jesu akapindura akati, “Kunyange dai ndikazvipupurira pachangu,
uchapupu hwangu ndohwechokwadi, nokuti ndinoziva kwandakabva uye
nokwandinoenda. Asi imi hamuzivi kwandinobva kana kwandinoenda.

15 Munotonga nameso enyama; ini handitongi munhu. 16 Asi kana ndika-
tonga, kutonga kwangu kwakarurama, nokuti handisi ndoga. Ndinotonga
naBaba, vakandituma. 17 Mumurayiro wenyu makanyorwa kuti kupupura
kwavanhu vaviri ndokwechokwadi. 18 Ini ndini ndinozvipupurira
pachangu; mumwe anondipupurira ndiBaba, vakandituma."

19 Ipapo vakamubvunza vakati, "Baba vako varipiko?"

Jesu akapindura akati, "Hamundizivi ini kana Baba vangu. Dai
maindiziva mungadai maizivawo Baba vangu." 20 Akataura mashoko aya
paakanga achidzidzisa ari mutemberi pedyo nenzvimbo yaiiswa zvipo. Asi
hapana munhu akamubata, nokuti nguva yake yakanga isati yasvika.

21 Jesu akatizve kwavari, "Ndiri kuenda, uye imi muchanditsvaka, uye
muchafira muzvivi zvenyu. Kwandinoenda, imi hamungauyiko."

22 Izvi zvakaita kuti vaJudha vabvunzane vachiti, "Achazviuraya here?
Ndizvo zvaanoreva here zvaanoti, 'Kwandinoenda, imi hamungauyiko?' "

23 Asi akaenderera mberi achiti, "Imi muri vapasi; ini ndinobva
kumusoro. Muri venyika ino; ini handisi wenyika ino. 24 Ndakuudzai
kuti muchafira muzvivi zvenyu; kana musingatendi kuti ndini iye,
zvirokwazvo muchafira muzvivi zvenyu."

25 Vakati kwaari, "Ndiwe aniko?"

Jesu akapindura akati, "Izvozvo zvandanguri ndataura kare kuti ndini
iye. 26 Ndine zvizhinji zvandinoda kutonga pamusoro penyu. Asi uyo
akandituma akavimbika, uye zvandakanzwa kwaari ndizvo zvandinoudza
nyika."

27 Havana kunzwisisa kuti akanga achivaudza nezvaBaba. 28 Saka Jesu
akati kwavari, "Pamuchasimudza Mwanakomana woMunhu, ipapo ndipo
pamuchaziva kuti ndini iye, uye kuti handina chinhu chandinoita ndoga
asi ndinotaura zvandakadzidziswa naBaba zvoga. 29 Uyo akandituma
aneni; haana kundisiya ndiri ndoga, nokuti ndinogara ndichiita zvinom-
ufadza." 30 Kunyange panguva yaakanga achitaura, vazhinji vakatenda
kwaari.

### *Vana vaAbhurahama*

31 Jesu akati kuvaJudha vakanga vatenda kwaari, "Kana muchiramba
muri mudzidziso yangu, muri vadzidzi vangu zvirokwazvo. 32 Ipapo
muchaziva zvokwadi, uye zvokwadi ichakusunungurai."

33 Ivo vakamupindura vachiti, "Isu tiri zvizvarwa zvaAbhurahama
uye hatina kumbova varanda vomumwe munhu. Ungareva sei kuti
tichasunungurwa?"

34 Jesu akapindura akati, "Ndinokuudzai chokwadi kuti, mumwe no-
mumwe anotadza ndiye muranda wechivi. 35 Zvino muranda haagari
mumhuri nokusingaperi, asi mwanakomana ndiye anogaramo nokusin-
gaperi. 36 Saka kana Mwanakomana achikusunungurai, muchava vaka-
sununguka kwazvo. 37 Ndinoziva kuti muri zvizvarwa zvaAbhurahama.
Asi munotsvaka kundiuraya, nokuti shoko rangu harina nzvimbo mamuri.
38 Ndiri kukuudzai zvandakaona pamberi paBaba vangu, uye imi munoita
zvamakanzwa kuna baba venyu."

39 Ivo vakati, "Abhurahama ndivo baba vedu."

Jesu akati, "Dai maiva vana vaAbhurahama, maidai muchiita zv-
inhu zvakanga zvichiitwa naAbhurahama. 40 Izvozvi muri kutsvaka
kundiuraya, munhu akuudzai chokwadi chandakanzwa kuna Mwari.
Abhurahama haana kuita zvinhu zvakadai. 41 Muri kuita zvinhu zvinoitwa
nababa venyu."

Vakapindura vakati, “Isu hatisi vana vakaberekwa muupombwe. Baba
vatinavo isu ndiye Mwari bedzi.”

### *Vana vaDhiabhori*

42 Jesu akati kwavari, “Dai Mwari aiva Baba venyu, mungadai maindida,
nokuti ndakabva kuna Mwari uye iye zvino ndiri pano. Handina
kungouya pachangu; asi ndivo vakandituma. 43 Seiko musinganzwisisi
kutaura kwangu? Nokuti hamugoni kunzwa zvandinotaura. 44 Imi
muri vababa venyu, dhiabhori, uye munoda kuita kuda kwababa venyu.
Akanga ari muurayi kubva pakutanga, haamiri muzvokwadi, nokuti maari
hamuna zvokwadi. Kana achireva nhema, ndiwo mutauro wokwake
iwoyo, nokuti ndiye murevi wenhema uye Baba vadzo. 45 Asi nokuda
kwokuti ndinotaura chokwadi, imi hamutendi kwandiri! 46 Ndiani
pakati penyu angaratidza kukanganisa kwangu? Kana ndichitaura
chokwadi, seiko musinganditendi? 47 Uyo ari waMwari anonzwa zvi-
norehwa naMwari. Chinoita kuti murege kunzwa ndechokuti imi hamusi
vaMwari.”

### *Zvakarehwa naJesu pamusoro poUpenyu Hwake*

48 VaJudha vakamupindura vakati, “Hatina kutaura chokwadi here
patakati uri muSamaria uye kuti une dhimoni?”

49 Jesu akati, “Handina kubatwa nedhimoni ini, asi ndinokudza Baba
vangu uye imi munondizvidza. 50 Handizvitsvakiri kukudzwa; asi aripo
mumwe anotsvaka kukudzwa, uye ndiye mutongi. 51 Ndinokuudzai
chokwadi, kana munhu akachengeta shoko rangu, haangatongooni rufu.”

52 Ipapo vaJudha vakati kwaari, “Tinoziva zvino kuti une dhimoni iwe!
Abhurahama akafa navaprofita vakafawo, asi iwe unoti kana munhu
akachengeta shoko rako, haangatongoraviri rufu. 53 Ko, iwe uri mukuru
kuna baba vedu Abhurahama here? Ivo vakafa, uye vaprofita vakafawo.
Unofunga kuti iwe ndiwe ani?”

54 Jesu akapindura akati, “Kana ini ndichizvirumbidza, kuzvikudza
kwangu hakuna maturo. Baba vangu, avo vamunoti ndivo Mwari wenyu,
ndivo vanondikudza. 55 Kunyange musingavazivi, ini ndinovaziva. Dai
ndanga ndati handivazivi, ndingadai ndava murevi wenhema semi, asi
ndinovaziva uye ndinochengeta shoko ravo. 56 Baba venyu Abhurahama
vakafara pavakafunga kuti vachaona zuva rangu; vakariona uye vaka-
fara.”

57 VaJudha vakati, “Iwe hausati watombova namakore makumi
mashanu okuzvarwa, asi unoti iwe wakaona Abhurahama!”

58 Jesu akapindura akati, “Ndinokuudzai chokwadi, Abhurahama asati
azvarwa ini ndiripo!” 59 Ipapo, vakanonga matombo kuti vamutake, asi
Jesu akazvivanza, akabuda mutemberi.

# 9

### *Jesu Anoporesa Munhu Akaberekwa Ari Bofu*

1 Akati achifamba, akaona murume akanga aberekwa ari bofu.
2 Vadzidzi vake vakamubvunza vakati, “Rabhi, ndianiko akatadza, mu-
rume uyu kana kuti vabereki vake, zvaakaberekwa ari bofu?”

3 Jesu akapindura akati, “Hakusi kutadza kwomurume uyu kana
kwavabereki vake kwakaita kuti zvidai, asi izvi zvakaitika kuti basa
raMwari riratidzwe muupenyu hwake. 4 Kana achiri masikati kudai,
tinofanira kubata basa raiye akandituma. Usiku huri kuuya, husina

munhu angagona kushanda basa nahwo. 5 Ndichiri munyika, ndiri
chiedza chenyika.”

6 Akati ataura izvozvo, akapfira mate pasi, akakanya dope namate,
uye akariisa pameso omurume uya. 7 Akati kwaari, “Enda undoshamba
mudziva reSiroami” (shoko iri rinoreva kuti Kutumwa). Saka murume
uya akaenda akandoshamba, akadzoka ava kuona.

8 Vavakidzani vake navaya vakanga vambomuona achipemha vakati,
“Ko, uyu haasi iye murume uya aisimbogara achipemha here?”

9 Vamwe vakati, “Ndiye.” Vamwe vakati, “Kwete, anenge akangofanana
naye chete.”

Asi iye pachake akaramba achiti, “Ndini iye.”

10 Vakamubvunza vakati, “Meso ako akasvinudzwa sei?”

11 Akapindura akati, “Murume anonzi Jesu akakanya dope akarizora
pameso angu. Akandiudza kuti ndiende kuSiroami ndinoshamba. Saka
ndakaenda ndikandoshamba, uye ipapo ndakagona kuona.”

12 Vakamubvunza vakati, “Aripiko murume wacho?”

Iye akati, “Handizivi.”

### *VaFarisi vanobvunzisisa pamusoro poKuporeswa*

13 Vakauyisa murume uya aimbova bofu kuvaFarisi. 14 Zvino zuva iro
rakakanyiwa dope rikazorwa pameso omurume uya naJesu, raiva zuva
reSabata. 15 Naizvozvo vaFarisi vakamubvunzawo kuti akasvinudzwa
sei. Murume uya akapindura akati, “Azora dope pameso angu uye
ndikandoshamba, zvino ndava kuona.”

16 Vamwe vaFarisi vakati, “Murume uyu haabvi kuna Mwari, nokuti
haachengeti Sabata.”

Asi vamwe vakati, “Ko, mutadzi angaita zviratidzo zvakadai seiko?”
Nokudaro vakabva vapesana.

17 Pakupedzisira vakadzokerazve kumurume uya akaberekwa ari bofu
vakati, “Ko, iwe unoti kudini naye, sezvo akasvinudza meso ako.”

Murume uya akapindura akati, “Muprofita.”

18 Kunyange zvakadaro, vaJudha havana kubvuma kuti akanga ari
bofu uye kuti akanga asvinudzwa meso ake, kusvikira vadana vabereki
vake. 19 Vakati kwavari, “Mwanakomana wenyu here uyu? Ndiye here
wamunoti akaberekwa ari bofu? Seiko ava kuona iye zvino?”

20 Vabereki vake vakati, “Tinoziva kuti ndiye mwanakomana wedu,
uye tinoziva kuti akaberekwa ari bofu. 21 Asi kuti ari kuona sei nhasi
kana kuti ndiani asvinudza meso ake, isu hatizivi. Mubvunzei. Akura;
achazvidavirira oga.” 22 Vabereki vake vakataura izvi nokuti vaitya
vaJudha, nokuti vaJudha vakanga vatotenderana kuti ani naani anenge
angopupura kuti Jesu ndiye Kristu aizofanira kubudiswa musinagoge.
23 Ndokusaka vabereki vake vakati, “Akura mubvunzei iye.”

24 Vakadanazve murume uya akambenge ari bofu kechipiri. Vakati
kwaari, “Ipa mbiri kuna Mwari. Isu tinoziva kuti murume uyu mutadzi.”

25 Akapindura akati, “Kana ari mutadzi kana asiri, ini handizvizivi.
Ndinoziva chinhu chimwe chete. Ndakanga ndiri bofu asi zvino ndoona!”

26 Ipapo vakamubvunza vakati, “Akaiteiko kwauri? Akasvinudza meso
ako seiko?”

27 Akapindura akati, “Ndanguri ndakuudzai, asi hamuna kuteerera.
Munodireiko kuzvinzwazve? Munoda kuva vadzidzi vakewo here?”

28 Ipapo vakamutuka vakati, "Iwe hako ndiwe mudzidzi wake munhu
uyu! Isu tiri vadzidzi vaMozisi! 29 Tinoziva kuti Mwari akataura naMozisi,
asi kana ari munhu uyu, hatimbozivi kwaanobva."

30 Murume uya akapindura akati, "Zvino, izvi zvinoshamisa chose!
Hamuzivi kwaanobva, asi iye akasvinudza meso angu. 31 Tinoziva kuti
Mwari haanzwi vatadzi. Anonzwa munhu anomutya uye anoita kuda
kwake. 32 Hakuna munhu akatombonzwa nezvokusvinudzwa kwameso
omunhu akaberekwa ari bofu. 33 Dai murume uyu asina kubva kuna
Mwari, haaigona kuita chinhu."

34 Ipapo vakapindura vakati, "Iwe wakaberekerwa muchivi; unoda seiko
kutidzidzisa!" Ipapo vakamubudisa kunze.

*Ubofu hwapamweya*

35 Jesu akanzwa kuti vakanga vamudzingira kunze, uye akati amuwana,
akati kwaari, "Unotenda here kuMwanakomana woMunhu?"

36 Murume uya akapindura akati, "Iye ndianiko nhai, Ishe? Ndiudzei
kuti ndigotenda kwaari."

37 Jesu akati, "Wamuona zvino; uye ndiye ari kutaura newe."

38 Ipapo murume uya akati, "Ishe, ndinotenda," akabva amunamata.

39 Jesu akati, "Kutonga ndiko kwandakavinga munyika ino, kuitira kuti
mapofu aone uye avo vanoona vave mapofu."

40 Vamwe vaFarisi vaiva naye vakamunzwa achitaura izvi vakati,
"Watii? Nesuwo tiri mapofu here?"

41 Jesu akati, "Dai maiva mapofu, mungadai musina mhosva yechivi; asi
zvino zvamunoti munoona, mhosva yenyu inoramba iripo."

# 10

*Mufudzi neboka rake*

1 "Ndinokuudzai chokwadi kuti munhu asingapindi mudanga ramakwai
napamukova, asi anokwira kuti apinde naparutivi, imbavha uye igororo.
2 Munhu anopinda napamukova ndiye mufudzi wamakwai. 3 Murindi
anomuzarurira musuo, uye makwai anonzwa inzwi rake. Anodana mak-
wai ake nezita agoatungamirira kunze. 4 Kana achinge abudisa makwai
ake ose, anofamba ari mberi kwawo, uye makwai ake anomutevera nokuti
anoziva inzwi rake. 5 Asi haatongoteveri mutorwa; asi anotomutiza nokuti
haazivi inzwi romweni." 6 Jesu akataura mufananidzo uyu kwavari, asi
havana kunzwisisa zvaakanga achivaudza.

7 Naizvozvo Jesu akatizve kwavari, "Ndinokuudzai chokwadi, ndini
mukova wamakwai. 8 Vose vakanditangira vaiva mbavha namakororo,
asi makwai haana kuvanzwa. 9 Ndini mukova; ani naani anopinda
napandiri achaponeswa. Achapinda agobuda, uye achawana mafuro.
10 Mbavha inongouya kuzoba nokuuraya nokuparadza; ini ndakauya kuti
ave noupenyu, uye ave nohwakazara.

11 "Ndini mufudzi akanaka. Mufudzi akanaka anorasira makwai ake
upenyu hwake. 12 Mushandi haasi iye mufudzi nomwene wamakwai. Saka
paanoona bere richiuya, anosiya makwai obva atiza. Ipapo bere rinobata
boka ramakwai uye roaparadzira. 13 Munhu uyu anotiza nokuti mushandi
zvake uye haana hanya namakwai.

14 "Ndini mufudzi wamakwai; ndinoziva makwai angu uye makwai
angu anondiziva, 15 Baba sezvavanondiziva uye neni ndichiziva Baba, uye

ndinorasira makwai angu upenyu hwangu. [16] Ndina mamwe makwai
asati ari edanga rino. Naiwo ndinofanira kuauyisawo. Naiwowo
achanzwa inzwi rangu, uye achava boka rimwe nomufudzi mumwe
chete. [17] Chinoita kuti Baba vandide ndechokuti ndinorasira makwai angu
upenyu hwangu, uye ndichahutorazve. [18] Hakuna munhu angahutora
kwandiri, asi ndinohupa pachangu. Ndine simba rokuhurasa uye ndine
simba rokuhutorazve. Uyu murayiro ndakaupiwa naBaba."

[19] Ipapo vaJudha vakapesanazve nokuda kwamashoko aya. [20] Vazhinji
vavo vakati, "Akabatwa nedhimoni uye anopenga. Seiko muchimuteer-
era?"

[21] Asi vamwe vakati, "Aya haangavi mashoko omunhu ane dhimoni. Ko,
dhimoni ringasvinudza meso ousingaoni here?"

### *Kusatenda kwavaJudha*

[22] Ipapo Mutambo woKukumikidzwa kweTemberi paJerusarema
wakasvika. Yainge iri nguva yechando, [23] uye Jesu akanga ari mutemberi
achifamba mubiravira raSoromoni. [24] VaJudha vakanga vakamukomba,
vakati, "Ucharamba uchitinetsa kusvikira riniko? Kana uri Kristu, tiudze
pachena."

[25] Jesu akapindura akati, "Ndakakuudzai, asi hamutendi. Zvishamiso
zvandinoita muzita raBaba vangu zvinondipupurira, [26] asi hamutendi
nokuti hamusi makwai angu. [27] Makwai angu anonzwa inzwi rangu;
ini ndinoaziva, uye anonditevera. [28] Ndinoapa upenyu husingaperi, uye
haatongofi; hakuna munhu angaabvuta muruoko rwangu. [29] Baba vangu,
ivo vakaapa kwandiri, vakuru kuna vose; hakuna munhu angaabvuta
muruoko rwaBaba vangu. [30] Ini naBaba tiri vamwe."

[31] VaJudha vakanongazve matombo kuti vamutake, [32] asi Jesu akati
kwavari, "Ndakakuratidzai mabasa esimba mazhinji kubva kuna Baba.
Nderipiko basa ipapa ramunoda kunditakira namabwe?"

[33] Vakamupindura vachiti, "Hatisi kukutakira basa ripi zvaro ipapa, asi
nokuda kwokumhura Mwari, nokuti iwe, munhuwo zvake, unozviti uri
Mwari."

[34] Jesu akavapindura akati, "Ko, hazvina kunyorwa here muMurayiro
wenyu, kuti 'Ndakati muri vamwari'? [35] Kana akavaidza 'vamwari,'
avo shoko raMwari rakasvika kwavari, uye Rugwaro harungaputswi,
[36] zvakadii kuno uyo akatsaurwa naBaba saiye wavo chaiye uye wavaka-
tuma panyika? Seiko muchindipomera mhosva yokumhura, zvandati,
'Ndiri Mwanakomana waMwari'? [37] Musanditenda kana ndisina kuita
zvinoitwa naBaba vangu. [38] Asi kana ndichizviita, kunyange dai musin-
ganditendi, tendai mabasa esimba, kuti mugoziva uye mugonzwisisa kuti
Baba vari mandiri, uye ini ndiri muna Baba." [39] Vakaedzazve kumubata,
asi akavapunyuka.

[40] Ipapo Jesu akayambuka Jorodhani kunzvimbo yakanga ichibhab-
hatidzira Johani pamazuva okutanga. Akagara ikoko [41] uye vanhu vazhinji
vakauya kwaari. Vakati, "Kunyange zvake Johani asina kumboita mabasa
esimba, zvose zvakataurwa naJohani pamusoro pomurume uyu zvaiva
zvechokwadi." [42] Uye panzvimbo iyo, vazhinji vakatenda kuna Jesu.

## 11

### *Kufa kwaRazaro*

1 Zvino mumwe murume ainzi Razaro akanga achirwara. Aibva
kuBhetani, musha waMaria naMarita mukoma wake. 2 Maria uyu, ane
hanzvadzi yake Razaro akanga avete achirwara, ndiye uya akadururira
mafuta anonhuhwira pana Ishe uye akapukuta tsoka dzake nebvudzi rake.
3 Saka hanzvadzi dzake dzakatuma shoko kuna Jesu, dzikati, "Ishe, uya
wamunoda ari kurwara."
4 Akati anzwa izvozvo, Jesu akati, "Kurwara uku hakumusvitsi kurufu.
Kwete, kune chokuita nokukudzwa kwaMwari kuitira kuti Mwanako-
mana waMwari akudzwe kubudikidza naizvozvo." 5 Jesu aida Marita,
nomunun'una wake uye naRazaro. 6 Asi paakanzwa kuti Razaro akanga
achirwara, akagara paakanga ari kwamamwe mazuva maviri.
7 Ipapo akati kuvadzidzi vake, "Ngatidzokerei kuJudhea."
8 Vakati kwaari, "Asika Rabhi, nguva pfupi ichangopfuura, vaJudha
vakanga vachiedza kukutakai namabwe, zvino munoda kudzokerazve
ikoko here?"
9 Jesu akapindura akati, "Ko, nguva hadzizi gumi nembiri pazuva
here? Munhu anofamba masikati haagumburwi, nokuti anoona nechiedza
chenyika ino. 10 Anogumburwa paanenge achifamba usiku, nokuti haana
chiedza."
11 Akati ataura izvi, akaenderera mberi achiti kwavari, "Shamwari yedu
Razaro avata; asi ndiri kuenda ikoko kunomumutsa."
12 Vadzidzi vake vakapindura vakati, "Ishe, kana akavata, achaita zviri
nani." 13 Jesu akanga achitaura nezvorufu rwake, asi vadzidzi vake
vakafunga kuti akanga achireva kuvata hope chaidzo.
14 Saka ipapo akavataurira pachena akati, "Razaro afa, 15 uye nokuda
kwenyu, ndinofara nokuti ndakanga ndisiko, kuitira kuti imi mugotenda.
Asi ngatichiendai kwaari."
16 Ipapo Tomasi Dhidhimo akati kuvadzidzi vose, "Ngatiendei, kuti
tinofawo naye."

### *Jesu Anonyaradza Hanzvadzi dzaRazaro*

17 Jesu paakasvika akawana Razaro anguva ava muguva kwamazuva
mana. 18 Bhetani yaiva makiromita angangosvika matatu kubva mu-
Jerusarema, 19 uye vaJudha vazhinji vakanga vauya kuna Marita naMaria
kuti vazovanyaradza pakurasikirwa kwavo nehanzvadzi yavo. 20 Marita
akati anzwa kuti Jesu auya, akabuda kundomuchingamidza, asi Maria
akasara mumba.
21 Marita akati kuna Jesu, "Ishe, dai maiva pano, hanzvadzi yangu
ingadai isina kufa. 22 Asi ndinoziva kuti kunyange izvozvi Mwari
achakupai zvose zvamuchakumbira."
23 Jesu akati kwaari, "Hanzvadzi yako ichamukazve."
24 Marita akati, "Ndinoziva kuti achamukazve pakumuka kwezuva
rokupedzisira."
25 Jesu akati kwaari, "Ndini kumuka noupenyu. Uyo anotenda kwandiri
achararama, kunyange dai akafa; 26 uye ani naani anorarama uye
anotenda mandiri haangatongofi. Unotenda here izvi?"
27 Iye akati, "Hongu, Ishe, ndinotenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana
waMwari, uyo akanzi achauya panyika."
28 Akati ataura izvozvo, akadzokera akandodana parutivi munun'una
wake Maria. Akati, "Mudzidzisi ari pano, uye ari kukubvunza."
29 Maria akati anzwa izvozvo, akasimuka nokukurumidza akaenda kwaari.

30 Zvino Jesu akanga asati apinda mumusha, asi akanga achiri panzvimbo
paya paakanga asangana naMarita. 31 VaJudha vakanga vari mumba na-
Maria, vachimunyaradza, vakati vachiona kuti akurumidza sei kusimuka
achibuda kunze, vakamutevera, vachifunga kuti zvimwe akanga oenda
kuguva kuti andochema ikoko.

32 Maria akati asvika panzvimbo pakanga pana Jesu uye akamuona,
akawira patsoka dzake akati, "Ishe, dai manga muri pano, hanzvadzi
yangu ingadai isina kufa."

33 Jesu akati achimuona achichema, uye vaJudha vakanga vauya
naye vachichemawo, akabatwa neshungu kwazvo mumweya make uye
akatambudzika. 34 Akavabvunza akati, "Mamuradzika kupiko?"

Vakati kwaari, "Uyai muone, Ishe."

35 Jesu akachema.

36 Ipapo vaJudha vakati, "Onai kuti aimuda sei!"

37 Asi vamwe vavo vakati, "Ko, uyu akasvinudza bofu akanga asingagoni
here kuita kuti munhu uyu arege kufa?"

### *Jesu Anomutsa Razaro kubva kuVakafa*

38 Jesu, akabatwa neshungu kwazvo, akasvika paguva. Rakanga riri
bako rine dombo rakanga rakaradzikwa rakachinjika mukova waro.
39 Akati, "Bvisai ibwe."

Marita, hanzvadzi yomurume akanga afa akati, "Asika, Ishe, pari zvino
ava kunhuhwa, nokuti atova mazuva mana arimo."

40 Ipapo Jesu akati, "Ko, handina kukuudza here kuti kana ukatenda,
uchaona kubwinya kwaMwari?"

41 Saka vakabvisa ibwe. Ipapo Jesu akatarisa kudenga akati, "Baba,
ndinokuvongai nokuti mandinzwa. 42 Ndinozviziva kuti munogara
muchindinzwa, asi ndareva izvi nokuda kwavanhu vamire pano, kuti
vatende kuti imi makandituma."

43 Akati areva izvozvo, Jesu akadanidzira nenzwi guru akati, "Razaro,
buda!" 44 Murume akanga afa uya akabuda, maoko ake namakumbo
zvakapombwa nemicheka, uye chiso chake chakafukidzwa nomucheka.

Jesu akati kwavari, "Mubvisei nguo dzomuguva mumurege aende."

### *Rangano yoKuuraya Jesu*

45 Naizvozvo vazhinji vavaJudha vakanga vauya kuzoshanyira Maria,
uye vaona zvakanga zvaitwa naJesu, vakatenda kwaari. 46 Asi vamwe
vavo vakaenda kuvaFarisi vakavaudza zvakanga zvaitwa naJesu. 47 Ipapo
vaprista vakuru navaFarisi vakadana musangano weDare Guru rava-
Judha.

Vakati, "Tiri kuiteiko? Hounoka murume ari kuita zviratidzo zvesimba
zvizhinji. 48 Kana tikamurega achienderera mberi saizvozvi, munhu wose
achatenda kwaari, uye vaRoma vachauya vakatitorera zvose nzvimbo
yedu nenyika yedu."

49 Ipapo mumwe wavo ainzi Kayafasi, akanga ari muprista mukuru
wegore iroro akataura achiti, "Hamuna zvamunoziva imi! 50 Hamuzivi
here kuti zviri nani kwamuri kuti munhu mumwe afire vanhu pano kuti
rudzi rwose ruparare."

51 Haana kungotaura izvi pachake, asi sezvaakanga ari muprista mukuru
wegore iroro, akaprofita kuti Jesu aizofira rudzi rwavaJudha, 52 uye
rusati rwuri rudzi irworwo bedzi asiwo vana vaMwari vakapararira, kuti

avaunganidze agovaita vamwe. 53 Saka kubva pazuva iroro zvichienda
mberi, vakarangana kumuuraya.

54 Naizvozvo Jesu haana kuzofamba pachena pakati pavaJudha. Asi
akabva akaenda kudunhu raiva pedyo nerenje, kumusha wainzi Efuremu,
kwaakandogara navadzidzi vake.

55 Pasika yavaJudha yakati yoswedera, vazhinji vaibva munyika
iyo vakakwidza kuJerusarema kuti vandozvinatsa Pasika isati yasvika.
56 Vakaramba vachitsvaka Jesu, uye pavakanga vamire mutemberi, vak-
abvunzana vakati, "Munofungeiko? Haasi kuzouya kumutambo here?"
57 Asi vaprista vakuru navaFarisi vakanga varayira kuti kana paine anenge
aziva kuna Jesu, aifanira kuvazivisa kuitira kuti vagomusunga.

# 12

*Jesu Anozodzwa Mafuta paBhetani*

1 Kwakati kwasara mazuva matanhatu kuti Pasika isvike, Jesu akasvika
paBhetani, kuya kwaigara Razaro, uyo akanga amutswa naJesu kubva ku-
vakafa. 2 Ipapo vakamubikira kudya kwamanheru. Marita akavashandira
uye Razaro akanga ari pakati pavanhu vakanga vari patafura naye.
3 Ipapo Maria akatora chinu chamafuta anonhuhwira enaridho, omutengo
unokosha kwazvo; akaadururira patsoka dzaJesu akapukuta tsoka dzake
nebvudzi rake. Uye imba yakazadzwa nokunhuhwira kwamafuta.

4 Asi mumwe wavadzidzi vake, Judhasi Iskarioti, uyo akanga achizomu-
pandukira, akazviramba izvozvo akati, 5 "Seiko mafuta aya asina
kutengeswa uye mari yacho ikapiwa kuvarombo? Anga achikwana
mubayiro wegore rose." 6 Haana kureva izvi nokuda kwokuti aiva
nehanya navarombo, asi nokuti aiva mbavha; sezvo akanga ari mubati
wehomwe, aimboba zvainge zvaiswa muhomwe yacho.

7 Jesu akapindura akati, "Muregei akadaro. Zvakanga zvakagadzirirwa
kuti iye achengetere mafuta aya zuva rokuvigwa kwangu. 8 Varombo
munavo nguva dzose pakati penyu, asi ini hamuzorambi muneni."

9 Zvichakadaro, vazhinji zhinji vechiJudha vakanzwa kuti Jesu akanga
aripo vachibva vauya, kwete nokuda kwake bedzi asi kuti vazoonawo
Razaro, waakanga amutsa kubva kuvakafa. 10 Saka vaprista vakuru
vakaronga kuurayawo naRazaro, 11 nokuti nokuda kwake, vaJudha
vazhinji vakanga vava kubva kwavari vachiisa kutenda kwavo kuna Jesu.

*Jesu Anogamuchirwa muJerusarema*

12 Zuva rakatevera ungano huru yavanhu vakanga vauya kuMu-
tambo yakanzwa kuti Jesu akanga ari munzira achiuya kuJerusarema.
13 Vakatora mapazi emichindwe vakaenda kundosangana naye, vachi-
danidzira vachiti:

"Hosana!

"Akaropafadzwa uyo anouya muzita raShe!

"Akaropafadzwa Mambo weIsraeri!"

14 Jesu akati awana mhuru yembongoro, akagara pamusoro payo, sezvaz-
vakanyorwa zvichinzi:

15 "Usatya iwe Mwanasikana weZioni;
tarira, mambo wako ari kuuya,
akagara pamusoro pemhuru yembongoro."

16 Vadzidzi vake havana kuzvinzwisisa pakutanga. Vakazoyeuka shure
kwokunge Jesu apinda mukubwinya kwake, kuti zvinhu izvi zvakanga
zvakanyorwa pamusoro pake, uye kuti vakanga vaita izvozvo kwaari.
17 Zvino vanhu vazhinji vakanga vanaye paakadana Razaro kubva
muguva uye akamumutsa kubva kuvakafa vakaramba vachiparadzira
shoko iri. 18 Vanhu vazhinji vakabuda kundosangana naye nokuda
kwokuti vakanga vanzwa kuti akanga aita chiratidzo ichi. 19 Saka vaFarisi
vakataurirana vakati, "Onai, hakuna kwatinosvika nazvo izvi. Tarirai kuti
nyika inomutevera sei!"

### *Jesu Anoprofita pamusoro poKufa Kwake*

20 Zvino kwakanga kuna vamwe vaGiriki pakati paavo vakanga vak-
widza kuMutambo kundonamata. 21 Vakauya kuna Firipi, uyo akanga
achibva kuBhetisaidha muGarirea, vaine chikumbiro. Vakati, "Ishe, tinoda
kuona Jesu." 22 Firipi akaenda kundoudza Andirea; Andirea naFiripi
vakazoudzawo Jesu.
23 Jesu akapindura akati, "Nguva yasvika yokuti Mwanakomana woM-
unhu akudzwe. 24 Ndinokuudzai chokwadi, kana tsanga yegorosi
ikasawira muvhu ikafa, inongoramba ichingova yoga. Asi kana
ikafa, inobereka mbeu dzakawanda. 25 Munhu anoda upenyu hwake
acharasikirwa nahwo, asi munhu anovenga upenyu hwake munyika
ino achahuchengetera upenyu husingaperi. 26 Ani naani anondis-
handira anofanira kunditevera; uye pandinenge ndiri, muranda wangu
achavapowo ipapo. Baba vangu vachakudza munhu uyo anondishandira.
27 "Zvino mwoyo wangu uri kurwadziwa, uye ndichati kudiniko? 'Baba,
ndiponesei kubva panguva ino?' Kwete, ndizvo zvandakauyira panguva
ino. 28 Baba, kudzai zita renyu!"
Ipapo inzwi rakabva kudenga richiti, "Ndatorikudza, uye
ndicharikudzazve." 29 Vanhu vazhinji vaivapo uye vakarinzwa vakati
kwatinhira; vamwe vakati mutumwa ataura kwaari.
30 Jesu akati, "Inzwi iri harina kuuya nokuda kwangu, asi nokuda
kwenyu. 31 Zvino ndiyo nguva yokutongwa kwenyika ino; zvino muchinda
wenyika ino achadzingwa. 32 Asi ini, pandinenge ndasimudzwa kubva
panyika ino, ndichakwevera vanhu vose kwandiri." 33 Akareva izvi kuti
aratidze mafiro aaizoita.
34 Vanhu vazhinji vakati, "Isu takanzwa kubva paMurayiro kuti Kristu
achagara nokusingaperi, saka sei muchiti, 'Mwanakomana anofanira
kusimudzwa'? Ndianiko uyu 'Mwanakomana woMunhu'?"
35 Ipapo Jesu akati kwavari, "Muchava nechiedza kwechinguva chiduku.
Fambai muchine chiedza, rima risati rasvika. Munhu anofamba murima
haazivi kwaanoenda. 36 Vimbai nechiedza muchinacho, kuti mugova
vanakomana vechiedza." Akati apedza kutaura zvinhu izvi, Jesu akabvapo
akazvivanza kwavari.

### *VaJudha vanoramba vari pakusatenda kwavo*

37 Kunyange zvazvo Jesu akaita zviratidzo zvose izvi pamberi pavo,
havana kutongomutenda. 38 Uku kwaiva kuzadziswa kweshoko raIsaya
muprofita raakareva achiti:
"Ishe, ndianiko akatenda shoko redu,
uye ruoko rwaShe rwakaratidzwa kuna aniko?"
39 Nokuda kwaizvozvo havana kugona kutenda nokuti, pane imwe
nzvimbo, Isaya anoti:

40 “Akapofumadza meso avo
uye akaomesa mwoyo yavo,
kuti varege kuona nameso avo,
varege kunzwisisa nemwoyo yavo,
varege kudzoka ndigovaporesa.”
41 Isaya akataura izvi nokuti akaona kubwinya kwaJesu uye akataura
nezvake.
42 Asi nenguva imwe cheteyo kunyange vazhinji pakati pavatungamiri
vakamutenda. Asi nokuda kwavaFarisi, havana kupupura kutenda kwavo
nokuti vaitya kudzingwa musinagoge; 43 nokuti vaida kukudzwa kunobva
kuvanhu kupfuura kukudzwa kunobva kuna Mwari.
44 Ipapo Jesu akadanidzira akati, “Munhu anenge achitenda
kwandiri, haatendi kwandiri bedzi, asiwo nokuna iye akandituma.
45 Paanonditarisa, anoona iye akandituma. 46 Ndakauya panyika
sechiedza, kuti kurege kuva nomunhu anotenda mandiri angagara
murima.
47 “Kana pane munhu zvake anonzwa mashoko angu, asi
akasaachengeta, ini handimutongi. Nokuti handina kuuya kuzotonga
nyika, asi kuzoiponesa. 48 Pano mutongi achatonga munhu anondiramba
uye asingagamuchiri mashoko angu; shoko riya chairo randakataura ndiro
richamutonga pazuva rokupedzisira. 49 Nokuti handina kungozvipupurira
pachangu, asi Baba vakandituma ndivo vakandirayira zvokutaura
namatauriro acho. 50 Ndinoziva kuti murayiro wavo unotungamirira
kuupenyu husingaperi. Saka zvose zvandinoreva ndizvo chaizvo
zvandakanzi nditaure naBaba.”

# 13

### *Jesu Anoshambidza Tsoka dzaVadzidzi Vake*

1 Mutambo wePasika wakanga uchigere kusvika. Jesu akanga achiziva
kuti nguva yakanga yasvika yokuti iye abve panyika uye kuti aende kuna
Baba. Sezvo akanga achida vake avo vakanga vari munyika, akavaratidza
zvino kuzara kworudo rwake.
2 Kudya kwamadekwana kwakanga kwava kugoverwa, uye dhiabhori
akanga aisa mumwoyo maJudhasi Iskarioti, mwanakomana waSimoni,
pfungwa yokuti apandukire Jesu. 3 Jesu akanga achiziva kuti Baba
vakanga vaisa zvinhu zvose pasi pesimba rake, uye kuti akanga abva kuna
Mwari uye kuti aidzokerazve kuna Mwari, 4 saka akasimuka pakudya,
akabvisa nguo yake yokunze, uye akamonera tauro muchiuno chake.
5 Shure kwaizvozvo, akadira mvura mudhishi akatanga kushambidza
tsoka dzavadzidzi vake, achidziomesa netauro rakanga rakamonerwa
muchiuno chake.
6 Akasvika pana Simoni Petro, iye akati kwaari, “Ishe muri kuda
kushambidza tsoka dzangu here?”
7 Jesu akapindura achiti, “Iwe hausi kuziva zvandiri kuita iye zvino, asi
uchazvinzwisisa pashure.”
8 Simoni Petro akati, “Kwete, imi hamungatongoshambidzi tsoka
dzangu.”
Jesu akapindura akati, “Kana ndikasakushambidza, hauna mugove
neni.”
9 Ipapo Simoni Petro akati, “Ishe, ngadzirege kuva tsoka dzangu bedzi
asi maoko angu nomusoro wanguwo!”

10 Jesu akapindura akati, “Munhu anenge amboshamba muviri wose,
anongoda bedzi kushamba tsoka dzake, muviri wake wose wakachena.
Imi makachena, kunyange zvazvo musiri mose vakachena.” 11 Nokuti
aiziva kuti ndiani aizomupandukira, ndokusaka akati, havasi vose
vakanga vakachena.
12 Akati apedza kushambidza tsoka dzavo, akapfeka nguo dzake
akadzokera panzvimbo yake. Akavabvunza akati, “Munonzwisisa here
zvandaita kwamuri? 13 Munondidaidza kuti ‘Mudzidzisi’ uye ndizvozvo
chaizvo, nokuti ndizvo zvandiri. 14 Zvino kana ini, Ishe wenyu no-
Mudzidzisi wenyu, ndashambidza tsoka dzenyu, nemiwo munofanira
kushambidzana tsoka dzenyu. 15 Ndakupai muenzaniso kuti muite
sezvandakuitirai imi. 16 Ndinokuudzai chokwadi kuti, muranda haasi
mukuru kuna tenzi wake, uye atumwa haasi mukuru kupfuura amutuma.
17 Zvino zvamava kuziva zvinhu izvi, mucharopafadzwa kana mukazviita.

### *Jesu Anotaura pamusoro poKupandukirwa Kwake*

18 “Handirevi izvi kwamuri mose; ini ndinoziva avo vandakasarudza.
Asi uku ndiko kuzadzisa Rugwaro runoti, ‘Uyo anogovana neni chingwa
andisimudzira chitsitsinho chake kuti azorwa neni.’
19 “Ndiri kukuudzai iye zvino zvisati zvaitika, kuitira kuti pazvinoitika
mugozotenda kuti ndini Iye. 20 Ndinokuudzai chokwadi kuti, ani naani
anogamuchira ini anogamuchira iye akandituma.”
21 Shure kwokutaura izvozvo, Jesu akatambudzika mumweya uye
akapupura achiti, “Ndinokuudzai chokwadi, mumwe wenyu achandipan-
dukira.”
22 Vadzidzi vake vakatarisana vachida kuziva kuti ndiani airehwa pakati
pavo. 23 Mumwe wavo, mudzidzi aidikanwa naJesu, akanga akasendamira
paari. 24 Simoni Petro akaninira kumudzidzi uyu akati, “Vabvunzei kuti
vanoreva ani.”
25 Akasendamirazve pana Jesu, akamubvunza akati, “Ishe, ndianiko?”
26 Jesu akati, “Ndiye wandichapa chimedu chechingwa kana ndachiseva
mundiro.” Ipapo, akaseva chimedu chechingwa, akachipa kuna Judhasi
Iskarioti, mwanakomana waSimoni. 27 Judhasi achangodya chingwa ichi,
Satani akabva apinda maari.
Jesu akati kuna Judhasi, “Zvaunoda kuita, ita nokukurumidza,” 28 asi
hapana munhu akanga ari pakudya akanzwisisa kuti sei Jesu akanga
ataura izvozvo kwaari. 29 Sezvo Judhasi aiva mubati wemari, vamwe
vakafunga kuti Jesu aimuudza kuti andotenga zvimwe zvaidikanwa
pamutambo, kana kupa varombo chimwe chinhu. 30 Judhasi akati
achangodya chingwa, akabuda panze. Uye hwaiva usiku.

### *Jesu Anozivisa nezvoKurambwa Kwake naPetro*

31 Akati aenda, Jesu akati, “Zvino Mwanakomana woMunhu akudzwa
uye Mwari akudzwa maari. 32 Kana Mwari akudzwa maari, Mwari
achakudza Mwanakomana maari uye achamukudza pakarepo.
33 “Vana vangu, ndichava nemi kwechinguva chiduku chete. Muchan-
ditsvaka, uye sezvandaudza vaJudha, saizvozvo ndinokuudzai zvino kuti:
Kwandinoenda, imi hamugoni kuuyako.
34 “Ndinokupai murayiro mutsva wokuti: Dananai. Sezvo ndakakudai,
saizvozvo munofanira kudanana. 35 Nokuda kwaizvozvo, vanhu vose
vachaziva kuti muri vadzidzi vangu kana mune rudo pakati penyu.”
36 Simoni Petro akamubvunza akati, “Ishe, muri kuendepiko?”

Jesu akapindura akati, “Kwandinoenda, imi hamugoni kutevera, asi
muchazotevera pashure.”
37 Petro akati, “Ishe seiko ndisingakwanisi kukuteverai iye zvino?
Ndichakufirai ini.”
38 Ipapo Jesu akapindura akati, “Uchandifira here? Ndinokuudza
chokwadi kuti, jongwe risati rarira, uchandiramba katatu!”

# 14

### *Jesu Anonyaradza Vadzidzi Vake*

1 “Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika. Tendai kuna Mwari; mu-
tendewo kwandiri. 2 Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji
dzokugara; dai zvaiva zvisizvo, ndingadai ndakuudzai. Ndiri kuenda ikoko
kundokugadzirirai nzvimbo. 3 Uye kana ndikaenda kundokugadzirirai
nzvimbo, ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova
kwandinenge ndiri. 4 Imi munoziva nzira yokuenda nayo kunzvimbo
yandiri kuenda.”

### *Jesu Ndiye Nzira yoKuenda kuna Baba*

5 Tomasi akati kwaari, “Ishe hatizivi kwamuri kuenda, saka nzira yacho
tingaiziva seiko?”
6 Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu.
Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri. 7 Dai
maindiziva chaizvo mungadai maizozivawo Baba vangu. Kubvira zvino,
munovaziva uye makavaona.”
8 Firipi akati, “Ishe, tiratidzei Baba kuti zvigotiringana.”
9 Jesu akapindura akati, “Firipi, haundizivi iwe here, kunyange ndanga
ndiri pakati penyu kwenguva refu yakadai? Ani naani aona ini aona
Baba. Unoreva seiko zvaunoti, ‘Tiratidzei Baba’ 10 Hamutendi here kuti
ini ndiri muna Baba, uye Baba vari mandiri? Mashoko andinotaura
kwamuri haasi angu ndoga. Asi, ndeaBaba, vanogara mandiri, avo
vari kuita basa ravo. 11 Nditendei pandinenge ndichiti, ini ndiri muna
Baba uye Baba vari mandiri; kana kuti mutende zviratidzo zvamunoona.
12 Ndinokuudzai kuti, ani naani anotenda kwandiri achaita zvandanga
ndichiita. Achaita kunyange zvinhu zvikuru kupfuura izvi, nokuti ndiri
kuenda kuna Baba. 13 Uye ndichaita zvose zvamunokumbira muzita
rangu, kuitira kuti Mwanakomana avigire Baba kukudzwa. 14 Kana
mukakumbira chinhu chipi zvacho muzita rangu, ndichachiita.

### *Jesu Anovimbisa Mweya Mutsvene*

15 “Kana muchindida, muchateerera zvandinokurayirai. 16 Uye ini
ndichakumbira Baba, vagokupai mumwe Munyaradzi kuti agare nemi
nokusingaperi, 17 iye Mweya wechokwadi. Nyika haigoni kumugamuchira,
nokuti haimuoni uye haimuzivi. Asi imi munomuziva, nokuti agere
nemi uye achava mukati menyu. 18 Handingakusiyei muri nherera;
ndichauya kwamuri. 19 Chinguva chiduku nyika haichazondionizve, asi
imi muchandiona. Nokuti ndiri mupenyu, nemiwo muchava vapenyu.
20 Pazuva iro muchaziva kuti ini ndiri muna Baba, uye imi muri mandiri,
uye ini ndiri mamuri. 21 Ani naani ane mirayiro yangu uye anoiteerera,
ndiye anondida iyeye. Uyo anondida achadikanwa naBaba vangu, neniwo
ndichamuda uye ndichazviratidza kwaari.”

[22] Ipapo Judhasi, kwete Judhasi Iskarioti, akati, "Asi Ishe, seiko muchida
kuzviratidza kwatiri, musingazviratidzi kunyika?"
[23] Jesu akapindura akati, "Kana munhu achindida, achateerera
kudzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari toita
ugaro hwedu naye. [24] Uyo asingandidi haateereri kudzidzisa kwangu.
Mashoko amunonzwa aya haasi angu; ndeaBaba vakandituma.
[25] "Zvose izvi ndazvitaura ndichinemi. [26] Asi Munyaradzi, Mweya
Mutsvene, uyo achatumwa naBaba muzita rangu, achakudzidzisai zv-
inhu zvose uye achakuyeuchidzai zvinhu zvose zvandakareva kwamuri.
[27] Ndinokusiyirai rugare; ndinokupai rugare rwangu. Handikupei sokupa
kwenyika. Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika uye musatya.
[28] "Makandinzwa ndichiti, 'Ndiri kuenda uye ndichadzokazve.' Dai
maindida maifara kuti ndinoenda kuna Baba, nokuti Baba vakuru
kupfuura ini. [29] Ndagara ndakuudzai zvichigere kuitika, kuitira kuti
pazvinenge zvoitika mugozotenda. [30] Handichazotauri nemi kwenguva
refu, nokuti muchinda wenyika ino ari kuuya. Haana chinhu pandiri, [31] asi
nyika inofanira kudzidza kuti ndinoda Baba uye kuti ndinoita chaizvo
zvandinenge ndarayirwa naBaba vangu.
"Uyai zvino; ngatibvei pano.

# 15

*Muzambiringa naMatavi*

[1] "Ndini muzambiringa wechokwadi, uye Baba vangu murimi. [2] Davi
rimwe nerimwe riri mandiri risingabereki vanoritema, asi davi rimwe
nerimwe rinobereka michero vanorichekerera kuitira kuti rigozobereka
michero yakawanda. [3] Imi matonatswa nokuda kweshoko randataura
kwamuri. [4] Garai mandiri, uye ini ndichagara mamuri. Hakuna davi
rinobereka michero riri roga; rinofanira kugara mumuzambiringa. Nemi
hamungabereki zvibereko kunze kwokunge magara mandiri.
[5] "Ini ndiri muzambiringa; imi muri matavi. Kana munhu akagara
mandiri uye neni maari, achabereka zvibereko zvakawanda; kunze
kwangu hamugoni kuita chinhu. [6] Kana munhu asingagari mandiri, akaita
sedavi rakarasirwa kure rikaoma; matavi akadaro anotorwa, okandwa
mumoto agopiswa. [7] Kana muchigara mandiri uye mashoko angu
achigara mamuri, kumbirai zvose zvamunoda, uye muchazvipiwa. [8] Baba
vangu vanokudzwa naizvozvo kuti mubereke zvibereko zvakawanda,
muchizviratidza kuti muri vadzidzi vangu.
[9] "Sezvo Baba vakandida, neniwo ndakakudai, zvino, chigarai murudo
rwangu. [10] Kana muchiteerera mirayiro yangu, muchagara murudo
rwangu, sezvandakateerera mirayiro yaBaba vangu uye ndikagara mu-
rudo rwavo. [11] Ndakuudzai izvi kuitira kuti mufaro wangu uve mamuri
uye kuti mufaro wenyu uve wakakwana. [12] Murayiro wangu ndouyu:
Dananai, sezvo ini ndakakudai. [13] Hakuna munhu ano rudo rukuru
kuno urwu, kuti munhu ape upenyu hwake nokuda kweshamwari
dzake. [14] Muri shamwari dzangu kana muchiita zvandinokurayi-
rai. [15] Handichakuidzii varanda, nokuti muranda haazivi zvinoitwa
natenzi wake. Asi ndinokuidzai shamwari, nokuti zvose zvandakadzidza
kubva kuna Baba vangu ndakakuzivisai. [16] Imi hamuna kundisarudza,
asi ndakakusarudzai uye ndikakugadzai kuti muende mugondobereka
zvibereko, izvo zvibereko zvinogara. Ipapo Baba vachakupai zvose zva-
muchakumbira muzita rangu. [17] Uyu ndiwo murayiro wangu: Dananai.

*Nyika inovenga Vadzidzi*

[18] "Kana nyika ichikuvengai, muyeuke kuti yakatanga kuvenga
ini. [19] Dai manga muri venyika, ingadai ichikudai sezvainoda vayo.
Zvino, hamusi venyika, asi ini ndakakusarudzai kuti mubude munyika.
Ndokusaka nyika ichikuvengai. [20] Rangarirai mashoko andakataura
kwamuri anoti, 'Hakuna muranda angava mukuru kuna tenzi wake.'
Kana vakatambudza ini, vachakutambudzaiwo imi. Kana vakateerera
kudzidzisa kwangu, vachateererawo kudzidzisa kwenyu. [21] Vachakubatai
nenzira iyi nokuda kwezita rangu, nokuti havazivi Iye akandituma. [22] Dai
ndakanga ndisina kuuya ndikataura kwavari, vangadai vasina mhosva
yechivi ichi. Zvino, kunyange zvakadaro, havana chikonzero chokuita
chivi chavo. [23] Uyo anondivenga anovengawo Baba vangu. [24] Dai ndanga
ndisina kuita pakati pavo zvisina kutongoitwa nomunhu, vangadai vasina
mhosva yechivi. Asi zvino vakaona zviratidzo izvi, asi vakandivenga
ini naBaba vangu. [25] Asi uku ndiko kuzadziswa kwezvakanyorwa
muMurayiro wavo zvinoti: 'Vakandivenga pasina chikonzero.'

[26] "Kana Munyaradzi asvika, iye wandichatuma kwamuri achibva kuna
Baba, iye Mweya wechokwadi anobuda achibva kuna Baba, achapupura
nezvangu. [27] Nemiwo munofanira kupupura, nokuti makanga muneni
kubva pakutanga.

# 16

[1] "Ndakuudzai zvose izvi kuitira kuti muregе kutsauka.
[2] Vachakubudisai musinagoge; chokwadi ndechokuti, nguva iri kuuya
yokuti munhu anokuurayai achafunga kuti ari kushandira Mwari.
[3] Vachaita zvinhu zvakadai nokuti havana kuziva Baba kana ini.
[4] Ndakuudzai izvi, kuitira kuti kana nguva yacho yasvika, imi
mucharangarira kuti ndakakuyambirai. Handina kukutaurirai izvi
pakutanga nokuti ndakanga ndinemi.

*Basa raMweya Mutsvene*

[5] "Zvino ndava kuenda kune akandituma, asi hakuna mumwe wenyu
anondibvunza kuti, 'Muri kuendepiko?' [6] Nokuti ndataura zvinhu izvi,
mwoyo yenyu yazara neshungu. [7] Asi ndiri kukutaurirai chokwadi
kuti: Zvakakunakirai kuti ini ndiende. Kana ndikasaenda, Munyaradzi
haangauyi kwamuri; asi kana ndikaenda, ndichamutumira kwamuri.
[8] Kana asvika achapa nyika mhosva pamusoro pechivi napamusoro
pokururama nokutongwa: [9] pamusoro pechivi, nokuti vanhu havatendi
kwandiri; [10] pamusoro pokururama, nokuti ndiri kuenda kuna Baba,
kwamusingazondionizve; [11] uye pamusoro pokutongwa, nokuti muchinda
wenyika ino atotongwa.

[12] "Ndine zvizhinji zvokutaura kwamuri, zvakawanda zvokuti
hamungagoni kuzvitakura iye zvino. [13] Asi kana iye, Mweya wechokwadi,
auya, achakutungamirirai muzvokwadi yose. Haangazotauri zvake;
achataura zvaanenge anzwa chete, uye achakuudzai zvichauya.
[14] Achauyisa kukudzwa kwandiri nokutora pane zvangu achizvizivisa
kwamuri. [15] Zvose zvaBaba ndezvangu. Ndokusaka ndakati Mweya
achatora zvangu agozvizivisa kwamuri.

[16] "Muchinguva chiduku, hamuchazondionizve, uyezve shure kwechin-
guva chiduku muchandiona."

*Kusuwa kwavadzidzi kuchashanduka kugova mufaro*

17 Vamwe vadzidzi vake vakataurirana vachiti, “Anoreveiko kana
achiti, ‘Muchinguva chiduku hamuchazondioni, uyezve shure kwechin-
guva chiduku muchandiona,’ uye ‘Nokuti ndiri kuenda kuna Baba’?”
18 Vakaramba vachingobvunzana vachiti, “Anoreveiko kana achiti, ‘Chin-
guva chiduku’? Hatinzwisisi zvaanoreva isu.”

19 Jesu akaona kuti vaida kumubvunza pamusoro pazvo, saka akati
kwavari, “Ko, muri kubvunzana pamusoro pezvandanga ndichireva here
pandati, ‘Muchinguva chiduku hamuchazondionizve, uye shure kwechin-
guva chiduku muchandiona’? 20 Ndinokuudzai chokwadi, muchachema
uye mugoungudza asi nyika ichifara. Muchasuwa, uye kusuwa kwenyu
kuchashanduka kukava mufaro. 21 Mukadzi anopona mwana anor-
wadziwa nokuti nguva yake yasvika; asi kana mwana wake azvarwa,
anokanganwa kurwadziwa kuya nokuda kwomufaro wokuti mwana az-
varwa munyika. 22 Naizvozvo nemiwo zvino inguva yenyu yokusuwa, asi
ndichakuonai zvakare uye muchafara, uye hakuna achakutorerai mufaro
wenyu. 23 Pazuva iro hamuzondibvunzizve kana chinhu. Ndinokuudzai
chokwadi, Baba vangu vachakupai zvose zvamuchakumbira muzita rangu.
24 Kusvikira zvino hamusati matombokumbira kana chinhu muzita rangu.
Kumbirai uye muchapiwa, uye mufaro wenyu uchava wakazara.

25 “Kunyange ndanga ndichitaura nomufananidzo, nguva inouya yan-
disingazotauri nemifananidzo, asi ndichakuudzai pachena pamusoro
paBaba vangu. 26 Pazuva iro, muchakumbira muzita rangu. Handisi
kuti ndichakumbira Baba panzvimbo yenyu. 27 Kwete, Baba pachavo
vanokudai nokuti makandida, uye makatenda kuti ndakabva kuna Mwari.
28 Ndakabva kuna Baba ndikapinda munyika; zvino ndava kusiya nyika
ndichidzokera kuna Baba.”

29 Ipapo vadzidzi vaJesu vakati, “Zvino mava kutaura pachena musin-
gaiti nemifananidzo. 30 Zvino tava kuona kuti munoziva zvinhu zvose
uye kuti hapana achafanira kuti akubvunzei mibvunzo. Izvi zvinoita kuti
titende kuti makabva kuna Mwari.”

31 Jesu akapindura akati, “Mava kutenda here zvino? 32 Asi nguva iri
kuuya, uye yatosvika, yamuchaparadzirwa, mumwe nomumwe achienda
kumusha kwake. Muchandisiya ndiri ndoga. Asi handisi ndoga, nokuti
Baba vangu vaneni.

33 “Ndakuudzai zvinhu izvi, kuitira kuti muve norugare mandiri.
Panyika muchatambudzika. Asi tsungai mwoyo! Ini ndakakunda nyika.”

# 17

## *Jesu Anozvinyengeterera*

1 Jesu akati ataura izvi, akatarira kudenga akanyengetera achiti:
“Baba, nguva yasvika. Kudzai Mwanakomana wenyu, kuti Mwanako-
mana wenyu akukudzei. 2 Nokuti makamupa simba pamusoro pavanhu
vose kuti ape upenyu husingaperi kuna vose vamakamupa. 3 Zvino
uhu ndihwo upenyu husingaperi: kuti vakuzivei imi, Mwari oga
wechokwadi, naJesu Kristu wamakatuma. 4 Ndakauyisa kukudzwa
kwamuri panyika nokuti ndakapedza basa ramakandipa kuti ndiite.
5 Zvino, Baba, ndikudzei pamberi penyu nokukudzwa kwandaiva nako
ndinemi nyika isati yavambwa.

## *Jesu Anonyengeterera Vadzidzi Vake*

[6] "Ndakaratidza zita renyu kuna avo vamakandipa panyika. Vakanga
vari venyu; mukavapa kwandiri uye vakateerera shoko renyu. [7] Zvino
vanoziva kuti zvinhu zvose zvamakandipa zvinobva kwamuri. [8] Nokuti
ndakavapa mashoko amakandipa uye vakaagamuchira. Vakaziva
zvechokwadi kuti ndakabva kwamuri, uye vakatenda kuti makandi-
tuma. [9] Ndinovanyengeterera. Handisi kunyengeterera nyika, asi avo
vamakandipa nokuti ndevenyu. [10] Zvose zvandinazvo ndezvenyu, uye
zvose zvamunazvo ndezvangu. Uye kukudzwa kwakauya kwandiri
kubudikidza navo. [11] Ini handichagarizve munyika, asi ivo vachiri
munyika, uye ini ndiri kuuya kwamuri. Baba Vatsvene, vadzivirirei
nesimba rezita renyu, zita ramakandipa, kuti vave vamwe sesu tiri
vamwe. [12] Pandainge ndiinavo, ndakavadzivirira uye ndikavachengeta
zvakanaka nezita ramakandipa. Hakuna akarasika kunze kwouyo
akatongerwa kuparadzwa kuitira kuti Rugwaro ruzadziswe.

[13] "Zvino ini ndiri kuuya kwamuri, asi ndiri kutaura zvinhu izvi
ndichiri munyika, kuitira kuti vave nomufaro wangu wakazara mukati
mavo. [14] Ndakavapa shoko renyu uye nyika yakavavenga, nokuti
havachisiri venyika sezvandisiri wenyika. [15] Munyengetero wangu
hausi wokuti muvabvise panyika asi kuti muvadzivirire pane akaipa.
[16] Havasi venyika, seni ndisiri wenyika. [17] Vaitei vatsvene nechokwadi
chenyu; shoko renyu ndiro chokwadi. [18] Sezvamakandituma mun-
yika, neniwo ndakavatuma munyika. [19] Nokuda kwavo ndinozviita
mutsvene, kuti naivowo vaitwe vatsvene muzvokwadi.

### *Jesu Anonyengeterera Vatendi Vose*

[20] "Munyengetero wangu hausi waava voga. Ndinonyengetererawo
avo vachazotenda kwandiri kubudikidza nemharidzo yavo, [21] kuti vose
vave vamwe, Baba, sezvo imi muri mandiri uye ini ndiri mamuri.
Naivowo ngavave matiri kuitira kuti nyika igotenda kuti makandituma.
[22] Ndakavapa kubwinya kuya kwamakandipa, kuti vave vamwe sesu tiri
vamwe: [23] imi mavari uye imi mandiri. Ngavakwaniswe muhumwe kuti
nyika izive kuti makandituma uye makavada kunyange sezvamakan-
dida ini.

[24] "Baba, ndinoda kuti vaya vamakandipa vave neni pandinenge ndiri,
uye kuti vaone kubwinya kwangu, iko kubwinya kwamakandipa nokuti
makandida nyika isati yasikwa.

[25] "Baba vakarurama, kunyange nyika isingakuziviyi, ini ndinokuzi-
vai, uye ivo vanoziva kuti makandituma. [26] Ndakakuzivisai kwavari, uye
ndicharamba ndichiita kuti vakuzivei kuitira kuti rudo rwamakandida
narwo rwuve mavari uye kuti ini pachangu ndive mavari."

# 18

### *Kusungwa kwaJesu*

[1] Akati apedza kunyengetera, Jesu akabva navadzidzi vake akayambuka
Mupata weKidhironi. Parutivi penzvimbo iyi paiva nebindu remiorivhi,
uye iye navadzidzi vake vakapindamo.

[2] Zvino Judhasi uyo akamupandukira, aiziva nzvimbo yacho, nokuti
Jesu aichimbosanganamo navadzidzi vake. [3] Saka Judhasi akasvika ku-
bindu, achitungamirira boka ravarwi navamwe vatariri vaibva kuvaprista
vakuru nokuvaFarisi. Vakanga vane mwenje namarambi uye nezvombo.

4 Jesu, achiziva zvose zvakanga zvichizoitika kwaari, akabuda akaenda
kwavari akati, “Munotsvaka ani?”
5 Vakapindura vakati, “Jesu weNazareta.”
Jesu akati, “Ndini iye.” (Uye Judhasi mupanduki uya akanga amire navo
ipapo.) 6 Jesu paakati, “Ndini iye,” vakasudurukira shure vakawira pasi.
7 Akapamhazve kuvabvunza achiti, “Ndianiko wamunoda?”
Uye ivo vakati, “Jesu weNazareta.”
8 Jesu akapindura akati, “Ndakuudzai kuti ndini iye. Kana muchitsvaka
ini, zvino chiregai varume ava vaende.” 9 Izvi zvakaitika kuti mashoko
aakanga ataura azadziswe, okuti: “Handina kurasikirwa nomumwe
weava vamakandipa.”
10 Ipapo Simoni, uyo akanga ano munondo, akauvhomora akacheka
muranda womuprista mukuru, akagura nzeve yake yokurudyi. (Zita
romuranda uyo rainzi Marikusi.)
11 Jesu akarayira Petro achiti, “Isa munondo wako mumuhara! Ko,
ndicharega kunwa mukombe wandapiwa naBaba here?”

### *Jesu Anoendeswa kuna Anasi*

12 Ipapo boka ravarwi navatariri vavaJudha vakabata Jesu vaka-
musunga. 13 Uye vakatanga kuenda naye kuna Anasi, uyo akanga ari
tezvara waKayafasi, iye aiva muprista mukuru gore iroro. 14 Kayafasi
uyu ndiye uya akapa vaJudha zano rokuti zvainge zvakanaka kuti munhu
mumwe chete afire vanhu.

### *Kuramba kwaPetro kwokutanga*

15 Simoni Petro nomumwe mudzidzi vainge vachitevera Jesu. Nemhaka
yokuti mudzidzi uyu aizivikanwa nomuprista mukuru uyu, akapinda na-
Jesu mudare redzimhosva romuprista mukuru, 16 asi Petro akasara kunze
ari pamukova. Mumwe mudzidzi, aizivikanwa nomuprista mukuru,
akadzoka akandotaura nomusikana aichengeta pamusuo ndokupinza
Petro mukati.
17 Musikana akanga ari pamukova akabvunza Petro akati, “Iwe hausi
mumwe wavadzidzi vake here?”
Iye akapindura akati, “Handisi.”
18 Kwaitonhora, saka varanda nevatariri vakamira vakadziya moto
wavakanga vavesa kuti vadziyirwe. Petro akanga amirewo navo,
achidziyawo moto.

### *Muprista Mukuru anobvunza Jesu*

19 Panguva iyoyo, muprista mukuru akabvunza Jesu pamusoro
pavadzidzi vake uye nezvedzidziso yake.
20 Jesu akapindura achiti, “Ndakataura pachena kunyika. Ndaigara
ndichidzidzisa mumasinagoge kana patemberi, apo paiungana va-
Judha vose pamwe chete. Handina kutaura chinhu muchivande.
21 Munondibvunzireiko? Bvunzai avo vakandinzwa. Zvirokwazvo
vanoziva zvandakareva.”
22 Jesu akati ataura izvi, mumwe wavatariri vakanga vari pedyo naye
akamurova kumeso. Akati, “Ndiyo nzira yaunopindura nayo muprista
mukuru here?”
23 Jesu akapindura akati, “Kana ndataura chimwe chinhu chakaipa,
taura kuti chakaipa ndechipi. Asi kana ndataura chokwadi, seiko
wandirova?” 24 Ipapo Anasi akamuendesa, akasungwa kuna Kayafasi
muprista mukuru.

### *Kuramba kwaPetro kwechipiri nokwechitatu*

25 Simoni Petro achakamira achidziya moto, akabvunzwazve kuti, "Iwe
hausi mumwe wavadzidzi vake here?"
Akazviramba izvozvo, achiti, "Handizi."
26 Mumwe wavaranda vomuprista mukuru, hama youya akanga agurwa
nzeve yake naPetro, akamupikisa akati "Ko, handina kukuona unaye
mubindu here?" 27 Petro akazvirambazve izvozvo, uye panguva iyoyo
jongwe rakatanga kurira.

### *Jesu Anomiswa pamberi paPirato*

28 Ipapo vaJudha vakatungamirira Jesu kubva kuna Kayafasi vakaenda
naye kumuzinda womubati weRoma. Zvino akanga achiri mangwanani,
uye kuti varege kusvibiswa, vaJudha vakarega kupinda mumuzinda;
vaida kuti vakwanise kuzodya Pasika. 29 Saka Pirato akabuda kwavari
akavabvunza achiti, "Mhosva yomurume uyu ndeyeiko?"
30 Vakapindura vachiti, "Dai anga asiri mutadzi, tingadai tisina kuuya
naye kwamuri."
31 Pirato akati, "Mutorei imi mumutonge nomurayiro wenyu."
VaJudha vakaramba vachiti, "Asika, isu hatina mvumo yokuuraya
munhu." 32 Izvi zvakaitika kuitira kuti mashoko akanga ataurwa naJesu
achiratidza mafiro aaizoita azadziswe.
33 Ipapo Pirato akadzokerazve mumuzinda, akadana Jesu akamubvunza
achiti, "Ndiwe mambo wavaJudha here?"
34 Jesu akati, "Kufunga kwako woga here kana kuti vamwe vataura newe
pamusoro pangu?"
35 Pirato akapindura achiti, "Ndiri muJudha here ini? Vanhu vako
navaprista vako vakuru vauya newe kwandiri. Wakaiteiko?"
36 Jesu akapindura akati, "Umambo hwangu hahusi hwenyika ino.
Dai zvanga zvakadaro, varanda vangu vaizorwa kuti ndirege kusungwa
navaJudha. Asi zvino umambo hwangu hunobva kune imwe nzvimbo."
37 Pirato akati, "Saka uri mamboka!"
Jesu akapindura akati, "Wataura zvakanaka pawati ndiri mambo.
Chokwadi ndechokuti, ndizvo zvandakazvarirwa, uye nokuda kwaizvozvo
ndakauya munyika, kuti ndizopupurira chokwadi. Ani naani anoda
chokwadi anonditeerera."
38 Pirato akamubvunza akati, "Chokwadi chiiko?" Akati ataura izvozvo
akabudazve kunze kuvaJudha akati, "Handiwani hwaro hwemhosva
yomurume uyu. 39 Asi itsika yenyu imi kuti ini ndikusunungurirei
musungwa panguva yePasika. Munoda here kuti ndikusunungurirei
mambo wavaJudha?"
40 Vakadanidzira vachiti, "Kwete, uyu! Tipei Bharabhasi!" Zvino
Bharabhasi akanga ari gororo.

## 19

### *Jesu Anotongerwa kuti Arovererwe paMuchinjikwa*

1 Ipapo Pirato akatora Jesu akaita kuti arohwe. 2 Varwi vakaita korona
yeminzwa vakaidzika pamusoro wake. Vakamupfekedza nguo dzepepuru
3 vakaenda kwaari vaendazve vachiti, "Kwaziwai, mambo wavaJudha!"
Uye vakamurova kumeso.
4 Pirato akabuda akatizve kuvaJudha, "Tarirai, ndava kumuisa kwamuri
kuti muzive kuti ndashaya mhosva paari." 5 Jesu akati abuda kunze

akapfeka korona yeminzwa uye nenguo yepepuru, Pirato akati kwavari,
“Hoyo munhu!”

6 Vaprista vakuru navatariri vavo vakati vachimuona, vakadanidzira
vachiti, “Ngaarovererwe! Ngaarovererwe!”

Asi Pirato akapindura achiti, “Mutorei imi mumuroverere. Kana ndirini,
handiwani mhosva paari.”

7 VaJudha vakasimbirira vachiti, “Isu tino murayiro, nomurayiro iwoyo,
anofanira kufa, nokuti anozviti Mwanakomana waMwari.”

8 Pirato akati anzwa izvi akanyanyisa kutya, 9 uye akadzokerazve
mumuzinda. Akasvikobvunza Jesu achiti, “Unobvepiko iwe?” Asi Jesu
haana kupindura. 10 Pirato akati, “Haudi kutaura neni here? Hauzivi here
kuti ndine simba rokukusunungura kana kukuroverera pamuchinjikwa?”

11 Jesu akapindura akati, “Haungatongovi nesimba pamusoro pangu
kana usina kuripiwa richibva kumusoro. Naizvozvo uyo andiisa kwauri
ane mhosva yechivi chikuru.”

12 Kubva ipapo zvichienda mberi, Pirato akaedza kusunungura Jesu,
asi vaJudha vakaramba vachidanidzira vachiti, “Kana ukasunungura
murume uyu, zvoreva kuti hausi shamwari yaKesari. Ani naani anozviti
mambo anopikisana naKesari.”

13 Pirato akati anzwa izvozvo, akabudisa Jesu kunze uye akagara pachi-
garo chokutonga panzvimbo inozivikanwa nokunzi: Pakarongwa Mabwe
(nechiHebheru pachinzi Gabhata). 14 Rakanga riri zuva rokugadzirira
vhiki yePasika, awa inenge yechitanhatu.

Pirato akati kuvaJudha, “Hoyu mambo wenyu.”

15 Asi vakadanidzira vachiti, “Endai naye! Endai naye! Murovererei!”

Pirato akati, “Ndoroverera mambo wenyu here?”

Vaprista vakuru vakapindura vachiti, “Hatina mambo isu, asi Kesari.”

16 Pakupedzisira Pirato akamuisa mumaoko avo kuti arovererwe.

### *Kurovererwa kwaJesu*

Saka varwi vakatora Jesu. 17 Akatakura muchinjikwa wake, akabuda
akaenda kunzvimbo yeDehenya (zvichireva kuti Gorogota muchiHeb-
heru). 18 Ipapo ndipo pavakamuroverera pamuchinjikwa navamwe vaviri,
mumwe kuno rumwe rutivi nomumwe kuno rumwe rutivi, uye Jesu ari
pakati.

19 Pirato akanyora chiziviso akachiisa pamuchinjikwa. Chaiva
chakanyorwa kuti: JESU WENAZARETA, MAMBO WAVAJUDHA. 20 VaJudha
vazhinji vakaverenga zvakanga zvakanyorwa pachikwangwani ichi,
nokuti nzvimbo yakarovererwa Jesu yakanga iri pedyo neguta, uye
chikwangwani ichi chaiva chakanyorwa nechiHebheru, chiRatini uye
nechiGiriki. 21 Vaprista vakuru vavaJudha vakati kuna Pirato, “Musanyora
kuti, ‘Mambo wavaJudha,’ asi kuti, ‘Munhu uyu akazviti mambo wava-
Judha.’ ”

22 Pirato akapindura akati, “Zvandanyora, ndanyora.”

23 Varwi vakati varoverera Jesu pamuchinjikwa, vakabvisa nguo dzake,
vakadziita migove mina, mumwe chete kuno mumwe nomumwe wavo,
nguo yomukati iriyo yakasara. Nguo iyi yakanga isina pakasonwa,
yakangorukwa kubva kumusoro kusvika pasi.

24 Vakataurirana vakati, “Ngatiregei kuibvarura. Ngatikandei mujenya
tione kuti ndiani achaitora.”

Izvi zvakaitika kuti Rugwaro ruzadziswe runoti:

“Vakagovana nguo yangu pakati pavo
uye vakakanda mijenya pamusoro pechipfeko changu.”

Saka izvi ndizvo zvakaitwa navarwi.
25 Pedyo nomuchinjikwa waJesu pakanga pamire mai vake, munun'una
wamai vake, naMaria mukadzi waKiropasi, naMaria Magadharena. 26 Jesu
akati aona mai vake ipapo, uye mudzidzi waaida amire pedyo navo, akati
kuna mai vake, "Mai, hoyu mwanakomana wenyu," 27 uye kumudzidzi
akati, "Ava mai vako." Kubva pazuva iro zvichienda mberi, mudzidzi uyu
akavatora akaenda navo kumba kwake.

### *Kufa kwaJesu*

28 Shure kwaizvozvo, achiziva kuti zvose zvainge zvapera zvino, uye
kuitira kuti Rugwaro ruzadziswe, Jesu akati, "Ndava nenyota." 29 Pakanga
pane mudziyo waiva nevhiniga ipapo, saka vakanyika chipanje imomo,
vakaisa chipanje pachitanda chehisopi, vakachisimudzira kumuromo
waJesu. 30 Akati anwa Jesu akati, "Zvapera." Nokudaro, akakotamisa
musoro wake uye akabudisa mweya wake.
31 Zvino rakanga riri zuva rokugadzirira, uye mangwana acho, rakanga
riri zuva rakasanangurwa reSabata. Nokuda kwokuti vaJudha vakanga
vasingadi kuti mitumbi isiyiwe iri pamuchinjikwa panguva yeSabata,
vakakumbira Pirato kuti makumbo avo avhunwe uye kuti mitumbi ib-
viswe. 32 Naizvozvo varwi vakauya vakavhuna makumbo omunhu woku-
tanga uyo akanga arovererwa pamwe chete naJesu, uye vakazovhuna
omumwe wacho. 33 Asi vakati vasvika pana Jesu, uye vachiona kuti
atofa, havana kuvhuna makumbo ake. 34 Asi, mumwe murwi akamubaya
nepfumo parutivi, pakarepo ropa nemvura zvikabuda. 35 Murume
akazviona ndiye akapa umboo, uye uchapupu hwake ndohwechokwadi.
Anoziva kuti ari kutaura chokwadi, uye anopupura kuitira kuti nemiwo
mutende. 36 Zvinhu izvi zvakaitika kuitira kuti Rugwaro ruzadziswe
runoti: "Hakuna kana bvupa rake rimwe richavhunwa," 37 uye sezvi-
noreva rumwe Rugwaro runoti, "Vachatarisa iye wavakabaya."

### *Kuvigwa kwaJesu*

38 Shure kwaizvozvo, Josefa weArimatea akakumbira Pirato kuti apiwe
mutumbi waJesu. Zvino Josefa akanga ari mudzidzi waJesu, asi
muchivande nokuti aitya vaJudha. Akati abvumirwa naPirato, akauya
akatora mutumbi waJesu. 39 Akanga achiperekedzwa naNikodhimasi, mu-
rume uya akashanyira Jesu usiku. Nikodhimasi akauya nezvakavhengan-
iswa zvemura negavakava, zvinenge makirogiramu makumi matatu na-
mana. 40 Vakatora mutumbi waJesu, vakauputira vari vaviri nomucheka
pamwe chete nezvinonhuhwira. Izvi zvaifambirana netsika dzokuviga
dzavaJudha. 41 Panzvimbo iyo pakarovererwa Jesu pamuchinjikwa, paiva
nebindu, uye mubindu imomo, maiva neguva idzva, rakanga risina
munhu akamboradzikwamo. 42 Nokuti rakanga riri zuva rokugadzirira
ravaJudha, uye sezvo guva raiva pedyo, vakaradzika Jesu imomo.

## 20

### *Guva risina chinhu*

1 Mangwanani, pazuva rokutanga revhiki, kuchakasviba, Maria Magad-
harena akaenda kuguva akaona kuti ibwe rakanga rabviswa pamukova.
2 Saka akauya achimhanya kuna Simoni Petro nokuno mumwe mudzidzi,
uya aidikanwa naJesu, akati, "Vabudisa Ishe muguva, uye hatizivi
pavamuisa!"

[3] Saka Petro nomumwe mudzidzi vakabuda vakaenda kuguva. [4] Vose
vari vaviri vaimhanya, asi mumwe mudzidzi akamhanya kukunda Petro
akatanga kusvika paguva. [5] Akakotama akatarira mukati pamicheka
yakanga iri pasi asi haana kupinda. [6] Ipapo Simoni Petro, uyo akanga
ari shure kwake, akasvikopinda muguva. Akaona micheka iri pasi,
[7] pamwe chete nomucheka wokuvigwa nawo wakanga uri mumusoro
waJesu. Mucheka uyu wakanga wakapetwa uri woga, wakaparadzaniswa
nomumwe mucheka. [8] Pakupedzisira mumwe mudzidzi, uya akanga
atanga kusvika paguva akapindawo. Akaona akatenda. [9] (Vakanga
vasati vanzwisisa kubva muRugwaro kuti Jesu aifanira kumuka kubva
kuvakafa.)

### *Jesu Anozviratidza kuna Maria Magadharena*

[10] Ipapo vadzidzi vakadzokera kumusha kwavo, [11] asi Maria akaramba
amire kunze kweguva achichema. Achiri kuchema kudai, akakotama
kuti atarire muguva [12] akaona vatumwa vaviri vane nguo chena, vagere
pakambenge pane mutumbi waJesu, mumwe kumusoro uye mumwe
kumakumbo.

[13] Vakamubvunza vakati, “Mai, munochemeiko?”

Akati, “Vabvisa Ishe wangu, uye handizivi kuti vamuisepi.” [14] Ipapo
akatendeuka akatarira shure akaona Jesu amirepo, asi haana kuziva kuti
akanga ari Jesu.

[15] Akati, “Mai, munochemeiko? Munotsvaka aniko?”

Maria achifunga kuti aiva muchengeti webindu, akati, “Ishe, kana
mamutora, ndiudzei henyu kwamamuisa ndigomutora.”

[16] Jesu akati kwaari, “Maria.”

Akatendeukira kwaari akadanidzira nechiHebheru achiti, “Rabhi!”
(kureva kuti Mudzidzisi).

[17] Jesu akati kwaari, “Usandibata, nokuti handisati ndadzokera kuna
Baba. Asi enda kuhama dzangu undovaudza kuti, ‘Ndiri kudzokera kuna
Baba vangu naBaba venyu, kuna Mwari wangu, naMwari wenyu.’ ”

[18] Maria Magadharena akaenda kuvadzidzi akandovaudza kuti,
“Ndaona Ishe!” Uye akavaudza kuti Jesu akanga areva zvinhu izvi kwaari.

### *Jesu Anozviratidza kuVadzidzi Vake*

[19] Madekwana ezuva rokutanga revhiki, vadzidzi pavakanga vari
pamwe chete, mikova yakazarirwa nokuda kwokutya vaJudha, Jesu
akauya akasvikomira pakati pavo akati, “Rugare ngaruve kwamuri!”
[20] Shure kwokutaura izvi, akavaratidza maoko ake naparutivi pake.
Vadzidzi vakafara zvikuru pavakaona Ishe.

[21] Jesu akatizve kwavari, “Rugare ngaruve kwamuri! Sezvo Baba
vakanditumа, ndiri kukutumaiwo.” [22] Uye adaro akavafemera akati,
“Gamuchirai Mweya Mutsvene. [23] Kana muchiregerera ani zvake zvivi
zvake, zvicharegererwa; kana musingavaregereri, havaregererwi.”

### *Jesu Anozviratidza kuna Tomasi*

[24] Zvino Tomasi (ainzi Dhidhimo), mumwe wavane gumi navaviri,
akanga asiri pamwe chete navamwe vadzidzi, Jesu paakauya. [25] Saka
vamwe vadzidzi vakamuudza kuti, “Taona Ishe!”

Asi iye akati kwavari, “Kunze kwokunge ndaona mavanga ezvipikiri
mumaoko ake uye ndikaisa munwe wangu pakanga pane zvipikiri, uye
ndikaisa ruoko rwangu parutivi rwake, handingatendi.”

26 Vhiki yakati yapera, vadzidzi vake vakanga vari mumba zvakare, uye
Tomasi akanga anavo. Kunyange zvazvo mikova yakanga yakapfigwa,
Jesu akauya akamira pakati pavo akati, “Rugare ngaruve kwamuri!”
27 Ipapo akati kuna Tomasi, “Isa munwe wako pano; ona maoko angu.
Tambanudza ruoko rwako uise parutivi rwangu. Rega kukahadzika uye
utende.”
28 Tomasi akati kwaari, “Ishe wangu naMwari wangu!”
29 Ipapo Jesu akati kwaari, “Nokuda kwokuti wandiona, zvino watenda;
vakaropafadzwa avo vasina kuona asi vakatenda.”
30 Jesu akaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake,
zvisina kunyorwa mubhuku iri. 31 Asi izvi zvakanyorwa kuti mugotenda
kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari, uye kuti kana mukatenda
muve noupenyu muzita rake.

# 21

*Jesu noKubatwa kweHove Zhinji*

1 Shure kwaizvozvo Jesu akazviratidzazve kuvadzidzi vake, paGungwa
reTibheriasi. 2 Vakanga vakaungana ipapo vaiva vanaSimoni Petro,
Tomasi (ainzi Dhidhimo), Natanieri aibva kuKana yeGarirea, vanakomana
vaZebhedhi, pamwe chete navamwe vadzidzi vaviri. 3 Petro akati kwavari,
“Ndava kuenda kundoredza,” uye ivo vakati, “Nesuwo tichaenda newe.”
Vakabuda vakapinda mugwa, asi usiku ihwohwo havana chavakabata.
4 Mangwanani-ngwanani, Jesu akamira pamahombekombe, asi vadzidzi
havana kuziva kuti akanga ari Jesu.
5 Akadanidzira kwavari akati, “Vana mune hove here?”
Vakapindura vakati, “Kwete.”
6 Akati kwavari, “Kandai mambure enyu kurutivi rworudyi rwegwa
mugobata.” Vakati vaita izvozvo, vakasagona kukweva mambure nokuda
kwokuwanda kwehove.
7 Ipapo mudzidzi aidikanwa naJesu akati kuna Petro, “NdiShe!” Simoni
Petro paakangonzwa kuti, “NdiShe,” akazvimonera nguo yake yokunze
(nokuti akanga aibvisa) akabva asvetukira mumvura. 8 Vamwe vadzidzi
vakatevera vari mugwa, vachikweva mambure akanga azara nehove,
nokuti vakanga vasiri kure namahombekombe, asi makubhiti anenge
mazana maviri*. 9 Vakati vasvika kumahombekombe, vakaona moto
wamazimbe uchipfuta une hove pamusoro pawo, uye nechingwa.
10 Jesu akati kwavari, “Uyai nedzimwe hove dzamuchangobva kubata.”
11 Simoni Petro akakwira mugwa akakwevera mambure kuma-
hombekombe. Akanga azere nehove huru, zana namakumi mashanu
nenhatu, asi kunyange zvazvo dzakanga dzakawanda, mambure haana
kubvaruka. 12 Jesu akati kwavari, “Uyai mudye.” Hapana kana mudzidzi
mumwe chete akabvunza kuti, “Ndimi aniko?” Vakaziva kuti ainge
ari Ishe. 13 Jesu akauya, akatora chingwa akavapa, akaita saizvozvo
nehovewo. 14 Uku kwakava kuzviratidza kwaJesu kuvadzidzi vake
kwechitatu shure kwokumuka kwake kubva kuvakafa.

*Jesu Anosimbisa Petro*

15 Vakati vapedza kudya, Jesu akati kuna Simoni Petro, “Simoni
mwanakomana waJohani, unondida zvechokwadi kupfuura ava here?”
Akati, “Hongu, Ishe, munozviziva kuti ndinokudai.”

---

* **21:8** 21:8 mamita 90

Jesu akati, "Fudza makwayana angu."

16 Jesu akatizve, "Simoni, mwanakomana waJohani unondida zvechok-
wadi here?"

Akapindura akati, "Hongu, Ishe, munoziva kuti ndinokudai."

Jesu akati, "Chengeta makwai angu."

17 Akatizve kwaari kechitatu, "Simoni mwanakomana waJohani, unon-
dida here?"

Petro akarwadziwa nokuti Jesu akanga amubvunza kechitatu achiti, "Unondida here?" Akati, "Ishe, imi munoziva zvinhu zvose; munoziva kuti ndinokudai."

Jesu akati, "Fudza makwai angu. 18 Ndinokuudza chokwadi kuti,
zvawakanga uchiri muduku waizvipfekedza uye uchienda kwaunoda;
asi kana wakura, uchatambanudza maoko ako, uye mumwe zvake
achakufukidza agokutungamirira kwausingadi kuenda." 19 Jesu akataura
izvi achiratidza mafiro aizoita Petro achikudza Mwari. Ipapo akati kwaari,
"Nditevere!"

20 Petro akacheuka akaona mudzidzi uya aidikanwa naJesu achivatev-
era. (Ndiye uya akanga akasendamira pana Jesu panguva yechirariro uye
akanga ati, "Ishe ndianiko achakupandukirai?") 21 Petro akati achimuona,
akabvunza akati, "Ishe, ko, uyuwo?"

22 Jesu akapindura akati, "Kana ndichida kuti arambe ari mupenyu
kusvikira ndichidzoka, unei nazvo iwe? Unofanira kunditevera iwe."
23 Nokuda kwaizvozvo, shoko rakapararira pakati pehama kuti mudzidzi
uyu haaizofa. Asi Jesu haana kureva izvozvo kuti haaizofa; akangoti,
"Kana ndichida hangu kuti arambe ari mupenyu kusvikira ndichidzoka,
unei nazvo iwe?"

24 Ndiyeyu mudzidzi anopupura zvinhu izvi, uye akazvinyora. Tinoziva
kuti kupupura kwake ndokwechokwadi.

25 Jesu akaitawo zvimwe zvinhu zvizhinji. Dai zvose zvainyorwa,
ndinoti kunyange nyika yose hayaizova nenzvimbo yaikwana mabhuku
aizonyorwa.

# MABASA AVAPOSTORI

*Kukwidzwa kwaJesu kuDenga*

1 Mubhuku rangu rokutanga, Teofirasi, ndakanyora pamusoro pezvose
zvakatanga kuitwa uye nokudzidziswa naJesu 2 kusvikira pazuva raakak-
widzwa kudenga, shure kwokunge arayira, kubudikidza noMweya
Mutsvene, vapostori vaakanga asarudza. 3 Mushure mokutambudzika
kwake, akazviratidza kuvarume ava uye akaratidza zviratidzo zvakasimba
zvizhinji zvokuti akanga ari mupenyu. Akaonekwa navo mazuva anop-
fuura makumi mana uye akataura nezvoumambo hwaMwari. 4 Pane
imwe nguva, paakanga achidya navo, akavarayira achiti, "Musabva
muJerusarema, asi mumirire chipo chakavimbiswa naBaba vangu, icho
chamakandinzwa ndichitaura pamusoro pacho. 5 Nokuti Johani akabhab-
hatidza nemvura, asi mushure mamazuva mashoma muchabhabhatidzwa
noMweya Mutsvene."

6 Saka, vakati vaungana pamwe chete, vakamubvunza vakati, "Ishe,
mava kuzodzosera ushe kuvaIsraeri panguva ino here?"

7 Akati kwavari, "Hazvisi kwamuri kuti muzive nguva kana musi
wakatarwa naBaba nesimba ravo pachavo. 8 Asi muchagamuchira simba
kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu; uye muchava zvapupu
zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, kusvikira ku-
migumo yenyika."

9 Mushure mokunge ataura izvi, akakwidzwa kudenga pamberi pameso
avo chaipo, uye gore rikamufukidza vakasazomuona.

10 Vakanga vakatarisisa paakanga achienda, uye pakarepo varume
vaviri vakanga vakapfeka nguo chena vakamira pavari. 11 Vakati kwavari,
"Varume veGarirea, makamirireiko pano makatarisa kudenga? Iyeyu
Jesu abviswa kwamuri achienda kudenga, achadzokazve sezvamamuona
achienda kudenga."

*Matiasi anosarudzwa kuti atore nzvimbo yaJudhasi*

12 Ipapo vakadzokera kuJerusarema vachibva kugomo rinonzi reMior-
ivhi, rwendo rwezuva reSabata uchibva kuguta. 13 Vakati vasvika,
vakakwira kuimba yapamusoro kukamuri ravaigara. Vakanga varipo
vaiti:

Petro, Johani, Jakobho naAndirea;
Firipi naTomasi;
Bhatoromeo naMateo;
Jakobho mwanakomana waArifeasi naSimoni muZeroti, uye naJudhasi mwanakomana waJakobho.

14 Vakabatana vose pakuramba vachinyengetera, pamwe chete
navakadzi uye naMaria mai vaJesu, navanun'una vake.

15 Mumazuva iwayo, Petro akasimuka pakati pavatendi (ungano yaida
kusvika zana namakumi maviri) 16 akati, "Hama, Rugwaro rwaifanira
kuzadziswa rwakataurwa noMweya Mutsvene nomuromo waDhavhidhi
pamusoro paJudhasi, uyo akabatsira kutungamirira vaya vakasunga Jesu,
17 akanga ari mumwe wedu uye akanga ano mugove muushumiri uhu."

18 (Nomubayiro waakawana nokuda kwokuipa kwake, Judhasi akatenga
munda; imomo ndimo maakawira pasi nomusoro, muviri wake ukaputika,
ura hwake hukabuda. 19 Munhu wose akanzwa nezvazvo muJerusarema,
saka vakatumidza munda uya nomutauro wavo kuti Akeridhama, ndiko
kuti, Munda weRopa.)

20 Petro akati, "Nokuti kwakanyorwa mubhuku raMapisarema kuti,
" 'Musha wake ngauve dongo;
ngakurege kuva nomunhu anogaramo,'
uye kuti,
" 'Mumwe ngaatore nzvimbo yake youtungamiri.'
21 Naizvozvo zvakafanira kuti kusarudzwe mumwe murume akanga
anesu nguva yose Ishe Jesu paaipinda nokubuda pakati pedu, 22 kutanga
parubhabhatidzo rwaJohani kusvikira panguva yakabviswa Jesu kwatiri.
Nokuti mumwe waava anofanira kuva chapupu chokumuka kwake,
pamwe chete nesu."

23 Saka vakasarudza varume vaviri vaiti: Josefa ainzi Bhanabhasi
(aizivikanwawo sokunzi Jastasi) naMatiasi. 24 Ipapo vakanyengetera
vachiti, "Ishe, munoziva mwoyo yavanhu vose. Tiratidzei pakati pavaviri
ava wamasarudza 25 kuti atore basa iri roupostori, rakasiyiwa naJudhasi
achienda kunzvimbo yake." 26 Ipapo vakakanda mijenya, uye mujenya
ukawira kuna Matiasi; saka akawedzerwa kuvapostori vane gumi no-
mumwe.

# 2

*Mweya Mutsvene Unoburuka paPendekosti*

1 Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga vakaungana vose
panzvimbo imwe chete. 2 Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta
nesimba kwakabva kudenga kukazadza imba yose yavakanga vagere.
3 Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto dzakaparadzana uye
dzakamhara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. 4 Vose vakazadzwa
noMweya Mutsvene vakatanga kutaura nedzimwe ndimi sokupiwa
kwavakaitwa noMweya.

5 Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari vaibva kun-
dudzi dzose pasi pedenga. 6 Vakati vanzwa kutinhira uyu, vazhinji
vakaungana pamwe chete vachishamiswa, nokuti mumwe nomumwe
akavanzwa vachitaura norurimi rwake chairwo. 7 Vakashamiswa kwazvo,
vakabvunzana vachiti, "Ko, vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari
kutaura? 8 Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa nomutauro
waakaberekwa nawo? 9 VaPatio, vaMedhia navaEramu; navanogara
kuMesopotamia, Judhea neKapadhokia, Pondasi neEzhia, 10 Firigia nePa-
mufiria, Ijipiti namativi eRibhia pedyo neKureni; vaeni vanobva kuRoma
11 (zvose vaJudha navakatendeukira kuchiJudha); vaKirete navaArabhu,
tinovanzwa vachitaura zvishamiso zvaMwari nendimi dzedu chaidzo!"
12 Vakakatyamara uye vakakanganisika, vakabvunzana vachiti, "Zvi-
noreveiko izvi?"

13 Kunyange zvakadaro, vamwe vakavaseka vakati, "Vanwa waini
yakawanda."

*Petro anoparidzira Vazhinji*

14 Ipapo Petro akamira pamwe chete navane gumi nomumwe,
akadanidzira kuvanhu vazhinji achiti, "Hama imi vaJudha nemi mose

mugere muJerusarema, regai ndikutsanangurirei chinhu ichi; nyatsoteer-
erai mashoko angu. 15 Vanhu ava havana kudhakwa sezvamunofungidzira
zvaichiri nguva yepfumbamwe mangwanani kudai! 16 Kwete, izvi ndizvo
zvakataurwa nomuprofita Joere achiti,

17 " 'Mumazuva okupedzisira,' ndizvo zvinotaura Mwari,
'ndichadurura Mweya wangu pamusoro pavanhu vose.
Vanakomana navanasikana venyu vachaprofita,
majaya enyu achaona zviratidzo,
vatana venyu vacharota hope.
18 Kunyange napamusoro pavaranda vangu, zvose varume navakadzi,
ndichadurura Mweya wangu mumazuva iwayo,
uye vachaprofita.
19 Ndicharatidza zvishamiso kudenga kumusoro,
nezviratidzo panyika pasi,
ropa nomoto uye nemhute youtsi.
20 Zuva richashanduka rikava rima,
uye mwedzi uchashanduka ukava ropa,
zuva guru raShe uye rinobwinya risati rasvika.
21 Uye ani naani anodana kuzita raShe achaponeswa.'

22 "Imi vaIsraeri, teererai izvi: Jesu weNazareta akanga ari murume
akaratidzwa kwamuri naMwari namabasa esimba, nezvishamiso uye
nezviratidzo, zvakaitwa naMwari pakati penyu kubudikidza naye, sez-
vamunoziva imi pachenyu. 23 Murume uyu akaiswa mumaoko enyu
nourongwa uye nokuziva zviri mberi kwaMwari; uye imi, mukamurover-
era pamuchinjikwa muchibatsirwa navanhu vakaipa. 24 Asi Mwari aka-
mumutsa kubva kuvakafa, akamusunungura kubva pakurwadza kworufu,
nokuti zvakanga zvisingagoni kuti rufu rumubate. 25 Dhavhidhi akataura
nezvake achiti:

" 'Ndakaona Ishe mberi kwangu nguva dzose.
Nokuti ari kuruoko rwangu rworudyi,
handingatongozungunuswi.
26 Naizvozvo mwoyo wangu unofara uye rurimi rwangu runofarisisa;
uyezve muviri wangu uchararama netariro,
27 nokuti imi hamuzondisiyi muguva,
uye hamungaregi Mutsvene wenyu achiona kuora.
28 Makandizivisa nzira dzoupenyu;
muchandizadza nomufaro pamberi penyu.'

29 "Hama, ndingakuudzai ndiine chokwadi kuti tateguru wedu
Dhavhidhi akafa akavigwa, uye guva rake richiri pano kusvikira nhasi.
30 Asi akanga ari muprofita uye aiziva kuti Mwari akanga amuvimbisa
nemhiko kuti aizogadza mumwe wezvizvarwa zvake pachigaro choushe.
31 Achiona zviri mberi, akataura nezvokumuka kwaKristu, kuti akanga
asina kusiyiwa muguva, uye muviri wake hauna kuona kuora. 32 Mwari
akamutsa Jesu uyu kubva kuvakafa, uye isu tose tiri zvapupu zvacho.
33 Akasimudzirwa kuruoko rworudyi rwaMwari, akagamuchira kubva
kuna Baba chipikirwa choMweya Mutsvene uye akadurura izvi zvamuri
kuona nokunzwa iye zvino. 34 Nokuti Dhavhidhi haana kukwira kudenga,
asi iye akati:

" 'Ishe akati kuna She wangu:
"Gara kuruoko rwangu rworudyi
35 kusvikira ndaita kuti vavengi vako

vave chitsiko chetsoka dzako." '
36 "Naizvozvo vaIsraeri vose ngavazive izvi: Jesu uyu, wamakaroverera
pamuchinjikwa, Mwari akamuita Ishe naKristu."
37 Vanhu vakati vachinzwa izvozvo, vakabayiwa pamwoyo vakati kuna
Petro navamwe vapostori, "Hama, tichaiteiko?"
38 Petro akapindura akati, "Tendeukai mubhabhatidzwe, mumwe no-
mumwe wenyu, muzita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye
mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene. 39 Chipikirwa ndechenyu
navana venyu navose vari kure, navose vachazodanwa naShe Mwari
wedu."
40 Akavayambira namamwe mashoko mazhinji; uye akavakumbirisa
achiti, "Muzviponese parudzi urwu rwakaora." 41 Avo vakagamuchira
shoko rake vakabhabhatidzwa, uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru
zvitatu vakawedzerwa pauwandu hwavo.

*Kuwadzana kwaVatendi*

42 Vakazvipira pakudzidzisa kwavapostori napakuwadzana, pakume-
dura chingwa uye napakunyengetera. 43 Vanhu vose vakabatwa nokutya,
uye zvishamiso zvizhinji nezviratidzo zvakaitwa navapostori. 44 Vatendi
vose vaiva pamwe chete uye vakagoverana zvinhu zvose. 45 Vachitengesa
zvavaiva nazvo nenhumbi dzavo, vakapa kuna ani naani aishayiwa.
46 Mazuva ose vairamba vachiungana pamwe chete mutemberi. Vaime-
dura chingwa mudzimba dzavo uye vachidya pamwe chete nomufaro uye
nomwoyo wakanaka, 47 vachirumbidza Mwari uye vachidikanwa navanhu
vose. Uye Ishe akawedzera pauwandu hwavo zuva rimwe nerimwe avo
vakanga vachiponeswa.

# 3

*Petro anoporesa Chirema*

1 Rimwe zuva Petro naJohani vakanga vachikwidza kuenda kutemberi
nenguva yokunyengetera, panguva yechitatu yamasikati. 2 Zvino mumwe
murume akanga aberekwa ari chirema, aitakurwa achiendeswa pasuo
retemberi rainzi Rakanaka, uye aiiswa ipapo mazuva ose kuti apemhe
kuna avo vaipinda mutemberi. 3 Akati aona Petro naJohani voda kupinda,
akavakumbira mari. 4 Petro akamutarisisa, Johani akadarowo. Ipapo
Petro akati kwaari, "Titarise!" 5 Saka murume akavatarira, achifunga kuti
achapiwa chinhu navo.
6 Ipapo Petro akati, "Sirivha negoridhe handina, asi chandinacho ndi-
nokupa. Muzita raJesu Kristu weNazareta, simuka ufambe." 7 Akamubata
noruoko rworudyi, akamubatsira kuti asimuke, pakarepo tsoka dzomu-
rume uyu nezviziso zvetsoka dzake zvikasimba. 8 Akakwakuka, akamira,
uye akatanga kufamba. Ipapo akapinda navo mutemberi, achifamba
uye achisvetuka-svetuka, achirumbidza Mwari. 9 Vanhu vose vakati
vachimuona achifamba achirumbidza Mwari, 10 vakamuziva kuti ndiye
murume uya aisigara achipemha ari pasuo retemberi rainzi Rakanaka,
uye vakakatyamara vakashamiswa kwazvo nezvakanga zvaitika kwaari.

*Petro anotaura kuna vanhu vakanga varipo*

11 Mupemhi akati achakabatirira pana Petro naJohani, vanhu vose
vakashamiswa vakauya kwavari vachimhanya kunzvimbo yainzi Biravira
raSoromoni. 12 Petro akati aona izvi, akati kwavari, "Imi varume veIsraeri,

seiko izvi zvichikushamisai? Munotarisireiko kwatiri sokunge taita kuti
murume uyu afambe nokuda kwesimba redu kana nokuda kwokururama
kwedu? [13] Mwari waAbhurahama, Isaka naJakobho, Mwari wamadz-
ibaba edu, akudza muranda wake Jesu. Makamuendesa kundourayiwa,
uye imi makamuramba pamberi paPirato, kunyange akanga afunga
kumuregedza hake. [14] Makaramba iye Mutsvene naiye Akarurama Oga
uye mukakumbira kuti mhondi isunungurwe. [15] Makauraya muvambi
woupenyu, asi Mwari akamumutsa kubva kuvakafa. Isu tiri zvapupu
zvezvinhu izvi. [16] Nokutenda muzita raJesu, munhu uyu wamunoona
uye wamunoziva, asimbiswa. Izita raJesu uye nokutenda kunouya
kubudikidza naye kwauyisa kuporeswa uku kwaari, sezvamunoona imi
mose.

[17] "Zvino, hama dzangu, ndinoziva kuti makaita nokusaziva sezvakan-
goitawo vatungamiri venyu. [18] Asi ndiwo mazadzisiro akaita Mwari
zvaakataura kare kubudikidza navaprofita vose, achitaura kuti Kristu
wake aizotambudzika. [19] Naizvozvo, tendeukai zvino, mudzokere kuna
Mwari, kuitira kuti zvivi zvenyu zvidzimwe, kuti nguva dzokuvandudzwa
dzinobva kuna She dzisvike [20] uye kuti atume Kristu, iye akagadzwa
nokuda kwenyu, iye Jesu. [21] Anofanira kumboramba ari kudenga
kusvikira nguva yokuti Mwari avandudze zvinhu zvose yasvika, sez-
vaakavimbisa kare kare kubudikidza navaprofita vake vatsvene. [22] Nokuti
Mozisi akati, 'Ishe Mwari wenyu achakumutsirai muprofita akafanana
neni kubva pakati pavanhu venyu chaivo; munofanira kuteerera zvose
zvaanokuudzai. [23] Ani naani zvake asingamuteereri achaparadzwa
kwazvo pakati pavanhu vokwake.'

[24] "Zvirokwazvo, vaprofita vose kubva kuna Samueri zvichienda mberi,
vazhinji vavo vakataura, vakaprofita nezvamazuva ano. [25] Imi muri
vadyi venhaka yavaprofita neyesungano yakaitwa naMwari namadzibaba
enyu. Akati kuna Abhurahama, 'Marudzi ose apanyika acharopafadzwa
kubudikidza navana vako.' [26] Mwari akati amutsa muranda wake,
akatanga kumutuma kwamuri kuti akuropafadzei nokukutendeutsai
mumwe nomumwe wenyu kubva panzira dzenyu dzakaipa."

# 4

*Petro naJohani pamberi peDare Guru*

[1] Vaprista nomukuru wavarindi vetemberi navaSadhusi vakauya kuna
Petro naJohani pavakanga vachiri kutaura navanhu. [2] Vakakanganisika
zvikuru nokuti vapostori vakanga vachidzidzisa vanhu uye vachiparidza
kumuka kwavakafa muna Jesu. [3] Vakabata Petro naJohani, uye nokuda
kwokuti aiva manheru, vakavaisa mujeri kusvikira zuva raitevera. [4] Asi
vazhinji vakanzwa shoko vakatenda, uye varume vakasvika zviuru
zvinenge zvishanu pauwandu.

[5] Fume mangwana, vabati, vakuru navadzidzisi vomurayiro vakasan-
gana muJerusarema. [6] Anasi muprista mukuru aivapo, uye Kayafasi
Johani, Arekizanda navamwe varume vemhuri yomuprista mukuru
vaivapowo. [7] Vakaita kuti Petro naJohani vauyiswe pamberi pavo
vakatanga kuvabvunza vachiti, "Makaita izvi nesimba raani kana kuti
nezita raani?"

[8] Ipapo Petro azere noMweya Mutsvene, akati kwavari, "Imi vabati
nemi vakuru vavanhu, [9] kana tadanwa nhasi nokuda kwebasa rakanaka

rakaitwa kuchirema uye tichibvunzwa kuti akaporeswa sei, 10 zvino
muzive izvi, imi navanhu vose veIsraeri kuti: Zvakaitwa nezita raJesu
Kristu weNazareta, iye wamakaroverera pamuchinjikwa asi Mwari aka-
mumutsa kubva kuvakafa, ndiye aita kuti murume uyu amire pamberi
penyu apora kudai. 11 Ndiye

" 'ibwe ramakaramba imi vavaki,
rakazova musoro wekona.'

12 Ruponeso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi
pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro."

13 Vakati vachiona kusatya kwaPetro naJohani uye vachiziva kuti
vakanga vasina kudzidza, vachingova vanhuwo zvavo, vakakatyamara
uye vakarangarira kuti varume ava vaiva naJesu. 14 Asi vachiona murume
akanga aporeswa amire navo ipapo, havana chavakagona kutaura. 15 Saka
vakavarayira kuti vabve paDare Guru, uye ivo vakasara vachitaurirana.
16 Vakati, "Tichaita seiko navarume ava? Munhu wose anogara mu-
Jerusarema anoziva kuti vakaita chishamiso chikuru uye isu hatigoni
kuzviramba. 17 Asi kuti chinhu ichi chirege kuramba chichiparadzira pakati
pavanhu, tinofanira kuyambira varume ava kuti varege kutaura kuna ani
zvake muzita iri."

18 Ipapo vakavadanazve kuti vapinde ndokuvarayira kuti varege kutaura
kana kutongodzidzisa muzita raJesu. 19 Asi Petro naJohani vakapindura
vakati, "Tongai henyu imi kana zvakarurama pamberi paMwari kuti
titeerere imi kupfuura Mwari. 20 Nokuti isu hatigoni kurega kutaura
pamusoro pezvatakaona nezvatakanzwa."

21 Shure kwokuvayambirazve vakavarega vakaenda. Havana kug-
ona kufunga kuti vangavaranga sei, nokuti vanhu vose vakanga
vachirumbidza Mwari pamusoro pezvakanga zvaitika. 22 Nokuti murume
akanga aporeswa nechishamiso akanga ana makore anodarika makumi
mana.

### *Munyengetero waVatendi*

23 Vakati vasunungurwa, Petro naJohani vakadzokera kuvanhu vokwavo
vakandovaudza zvose zvakanga zvarehwa navaprista vakuru navakuru.
24 Vakati vanzwa izvi, vakasimudza manzwi pamwe chete kuna Mwari
vakanyengetera vachiti, "Ishe Mwari, imi makaita denga nenyika ne-
gungwa, nezvose zvirimo. 25 Makataura noMweya Mutsvene kubudikidza
nomuromo womuranda wenyu, baba vedu Dhavhidhi, muchiti:

" 'Ndudzi dzinoitireko hasha
uye vanhu vanofungireiko zvisina maturo?
26 Madzimambo enyika azvigadzirira
uye vabati vanoungana pamwe chete
kuzorwa naIshe
uye noMuzodziwa Wake.'

27 Zvirokwazvo Herodhi naPondiasi Pirato vakaungana pamwe chete
neveDzimwe Ndudzi uye navanhu veIsraeri muguta rino kuzorangana
kurwisa Jesu muranda wenyu mutsvene, iye wamakazodza. 28 Vakaita
zvakanga zvatongwa nesimba renyu uye nokuda kwenyu kuti zvichaitika.
29 Zvino, Ishe, tarirai kutyisidzira kwavo mugobatsira varanda venyu kuti
vataure shoko renyu nokushinga kukuru. 30 Tambanudzai ruoko rwenyu
kuti muporese uye muite zviratidzo nezvishamiso kubudikidza nezita
raJesu muranda wenyu mutsvene."

31 Shure kwokunge vanyengetera, nzvimbo yavakanga vakaungana pairi
yakazungunuswa. Uye vose vakazadzwa noMweya Mutsvene vakataura
shoko raMwari vasingatyi.

*Vatendi vanogovana Pfuma Yavo*

32 Vatendi vose vakanga vano mwoyo mumwe nendangariro imwe.
Hakuna aiti chimwe chezvaaiva nazvo ndechake oga, asi vakagovana
zvose zvavakanga vanazvo. 33 Vapostori vakaramba vachipupura nes-
imba kumuka kwaIshe Jesu, uye nyasha huru dzaiva pamusoro pavo.
34 Pakanga pasina vanoshayiwa pakati pavo. Nokuti nguva nenguva
vaya vakanga vane minda kana dzimba vakazvitengesa, vakauyisa mari
yezvavakatengesa 35 vakazviisa patsoka dzavapostori, uye yakagoverwa
kuna ani zvake sokushayiwa kwake.

36 Josefa, muRevhi aibva kuSaipurasi, uyo akatumidzwa navapos-
tori kunzi Bhanabhasi (kureva kuti Mwanakomana woKukurudzira),
37 akatengesa munda wake akauya nemari akaiisa pamberi pavapostori.

# 5

*Ananiasi naSafira*

1 Zvino mumwe murume ainzi Ananiasi, pamwe chete nomukadzi wake
Safira, akatengesawo chikamu chepfuma yake. 2 Mukadzi wake achiny-
atsozvizivawo, akazvikamurira chimwe chikamu chemari, asi yakasara
akauya nayo akaiisa pamberi pavapostori.

3 Ipapo Petro akati, “Ananiasi, Satani azadzireiko mwoyo wako kudai,
kuti usvike pakureva nhema kuMweya Mutsvene uye wazvikamurira
imwe mari yawawana pakutengesa munda? 4 Ko, wakanga usiri wako
here usati watengeswa? Uye shure kwokunge wautengesa, mari yakanga
isiri yako here? Chiiko chakaita kuti ufunge kuita chinhu chakadai?
Hauna kureva nhema kuvanhu asi kuna Mwari.”

5 Ananiasi akati anzwa izvi, akawira pasi akabva afa. Uye kutya kukuru
kwakabata vose vakanga vanzwa zvakanga zvaitika. 6 Ipapo majaya
akaswedera, akaputira muviri wake, akamutakura akaenda naye kunze
vakandomuviga.

7 Shure kwamaawa anenge matatu mukadzi wake akasvikopinda,
asingazivi zvakanga zvaitika. 8 Petro akamubvunza akati, “Ndiudze, uyu
ndiwo here mutengo wamakawana, iwe naAnaniasi, pamunda?”

Iye akati, “Hongu, ndiwoyu mutengo.”

9 Petro akati kwaari, “Matenderana seiko kuti muedze Mweya waShe?
Tarira! Tsoka dzamajaya aviga murume wako dziri pamukova, uye
vachakutakura newewo.”

10 Pakarepo akawira pasi, patsoka dzake akabva afa. Ipapo majaya
akapinda uye akamuwana afa, akamutakura akaenda naye kunze akan-
domuviga parutivi pomurume wake. 11 Kutya kukuru kwakabata kereke
yose navose vakanzwa zvinhu izvi.

*Vapostori vanoporesa Vazhinji*

12 Vapostori vakaita zviratidzo zvizhinji nezvishamiso pakati pa-
vanhu. Uye vatendi vose vaiwanzosangana pamwe chete muBiravira ra-
Soromoni. 13 Hakuna munhu akatsunga kubatana navo kunyange zvazvo
vakanga vachikudzwa zvikuru navanhu. 14 Zvisinei zvazvo, varume
vazhinji navakadzi vakatenda kuna She uye vakawedzera uwandu.
15 Nokuda kwaizvozvo, vanhu vakauya navairwara munzira dzomumisha

vakavaradzika pamibhedha napahukwe vachiitira kuti mumvuri waPetro
uwire pane vamwe vavo paainge ava kupfuura napavari. 16 Vanhu
vazhinji zhinji vaibva mumaguta akapoteredza Jerusarema vakaun-
ganawo, vakauya navarwere vavo navaya vaitambudzwa nemweya
yakaipa, uye vose vakaporeswa.

### *Vapostori Vanotambudzwa*

17 Ipapo muprista mukuru navamwe vose vaaiva navo, avo vakanga vari
nhengo dzebato ravaSadhusi, vakazadzwa negodo. 18 Vakasunga vapostori
vakavaisa mujeri. 19 Asi mutumwa waShe akauya usiku akazarura
mukova wejeri akavabudisa, 20 akati, "Endai, mundomira muzvivanze
zvetemberi, mugoudza vanhu mashoko ose oupenyu hutsva uhu."
21 Vakapinda mutemberi mangwanani, sezvavakanga vaudzwa,
vakatanga kudzidzisa vanhu.

Muprista mukuru navamwe vake vakati vasvika, vakaunganidza Dare
Guru ramakurukota, ungano yose yavakuru, vakatumira vanhu kuti
vandotora vapostori kujeri. 22 Asi vabati vakati vasvika pajeri, vakawana
vasimo. Saka vakadzokera vakasvikoti, 23 "Tawana jeri rakanyat-
sozarirwa, navarindi vamire pamikova; asi patazarura, hatina kuwana
munhu mukati." 24 Vakati vanzwa chiziviso ichi, mukuru wavarindi
vetemberi navaprista vakuru vakakanganisika, vachishaya kuti chii
chaizoitika.
25 Ipapo mumwe akasvika akati, "Tarirai! Varume vamakaisa mujeri
vamire mutemberi vachidzidzisa vanhu." 26 Paakazvinzwa, mukuru
wavarindi akabva aenda navabati vake akandouya navapostori. Havana
kuzviita nokumanikidza, nokuti vaitya kuti vanhu vangavatake namabwe.
27 Vakati vauya navapostori, vakavamisa pamberi peDare Guru kuti
vabvunzwe nomuprista mukuru. 28 Akati, "Takakurayirai zvakasimba kuti
murege kudzidzisa muzita iri. Asi mazadza Jerusarema rose nedzidziso
yenyu uye munoda kuti tive nemhosva yeropa romurume uyu."
29 Petro navamwe vapostori vakapindura vachiti, "Tinofanira kuteerera
Mwari kukunda vanhu! 30 Mwari wamadzibaba edu akamutsa Jesu kubva
kuvakafa uyo wamakaita kuti aurayiwe nokumuturika pamuti. 31 Mwari
akamusimudzira kuruoko rwake rworudyi soMuchinda noMuponesi kuti
ape kutendeuka nokuregererwa kwezvivi kuvaIsraeri. 32 Isu tiri zvapupu
zvezvinhu izvi, uyewo noMweya Mutsvene wakapiwa naMwari kuna avo
vanomuteerera."
33 Vakati vanzwa izvi, vakashatirwa uye vakada kuvauraya. 34 Asi
mumwe muFarisi ainzi Gamarieri, mudzidzisi womurayiro, uyo aikudzwa
navanhu vose, akasimuka pakati pedare akarayira kuti vanhu vam-
bobudiswa panze kwechinguvana. 35 Ipapo akati kwavari, "Imi varume
veIsraeri, nyatsofungai pamusoro pezvamuri kuda kuita kuvanhu ava.
36 Munguva yakapfuura, kwakambova naTudhasi aizviti iye munhu
mukuru, uye varume vanenge mazana mana vakamutevera. Akaurayiwa,
vose vaimutevera vakaparadzirwa, uye zvikaguma zvava pasina. 37 Shure
kwake, Judhasi weGarirea akambovapowo pamazuva okuverengwa kwa-
vanhu akatungamirira boka ravanhu mune zvokupanduka. Naiyewo
akaurayiwa, uye vose vaimutevera vakaparadzirwa. 38 Naizvozvo, pa-
nyaya iyi ndinokurayirai kuti: Regai vanhu ava vakadaro! Regai vaende!
Nokuti kana kufunga kwavo kuri kwomunhu, kuchaguma. 39 Asi kana
kuchibva kuna Mwari, hamungagoni kukonesa vanhu ava; muchazoona
kuti muri kurwa naMwari."

40 Kutaura kwake kwakavadzikamisa. Vakadana vapostori kuti vapinde
vakaita kuti varohwe. Ipapo vakavarayira kuti varege kutaura muzita
raJesu, uye vakavaregedza.

41 Vapostori vakabva paDare Guru, vachifara nokuda kwokuti vakanga
vanzi vakafanira kutambudzwa nokunyadziswa nokuda kweZita iri.
42 Zuva rimwe nerimwe havana kumborega kudzidzisa nokuparidza shoko
rakanaka vari mutemberi nomudzimba nedzimba kuti Jesu ndiye Kristu.

# 6

*Kusarudzwa kwaVanomwe*

1 Mumazuva iwayo vadzidzi zvavakanga vachiwedzerwa pauwandu,
vaJudha vaitaura chiGiriki vaiva pakati pavo vakagunun'una pamusoro
pavaJudha vaitaura chiHebheru nokuti chirikadzi dzavo dzaidarikwa
pakugoverwa kwezvokudya zvemisi yose. 2 Saka vane gumi navaviri
vakaunganidza vadzidzi vose pamwe chete vakati, "Hazvingavi zvakanaka
kwatiri kuti tirege ushumiri hweshoko raMwari kuti tishande pamatafura.
3 Hama, sarudzai varume vanomwe pakati penyu vanozivikanwa kuti
vakazadzwa noMweya nouchenjeri. Isu tichaisa basa iri kwavari, 4 uye
ticharamba tiri pakunyengetera napaushumiri hweshoko."

5 Shoko iri rakafadza boka rose. Vakasarudza Sitefani, murume akanga
azere nokutenda uye noMweya Mutsvene; uyezve Firipi, Pirokorasi,
Nikano, Timoni, Pamenasi, naNikorasi aibva kuAndioki, akanga akaten-
deukira kuchitendero chechiJudha. 6 Vakaisa varume ava kuvapostori, ivo
vakavanyengeterera vakaisa maoko pamusoro pavo.

7 Saka shoko raMwari rakapararira. Vadzidzi vakawanda kwazvo
paJerusarema, uye boka guru ravaprista rakagamuchira kutenda.

*Kubatwa kwaSitefani*

8 Zvino Sitefani, murume akanga azere nenyasha dzaMwari nesimba,
akaita zvishamiso zvikuru nezviratidzo pakati pavanhu. 9 Kusapindirana
kwakamuka, kuchibva kunhengo dzeSinagoge reVokusununguka (ndiro
raiva zita ravo), vaJudha vokuSairini nevokuArekizandiria pamwe chete
namatunhu eKirikia neEzhia. Varume ava vakatanga kukakavadzana
naSitefani, 10 asi havana kugona kukunda uchenjeri hwake kana Mweya
waaitaura nawo.

11 Ipapo vakakurudzira vamwe varume muchivande kuti vati, "Tanzwa
Sitefani achitaura mashoko okumhura Mozisi naMwari."

12 Nokudaro vakamutsa mwoyo yavanhu navakuru uye navadzidzisi
vomurayiro. Vakabata Sitefani vakamuuyisa pamberi peDare Guru.
13 Vakabudisa zvapupu zvenhema, zvikati, "Munhu uyu haamboregi
kutaura zvakaipa pamusoro penzvimbo tsvene ino uye napamusoro po-
murayiro. 14 Nokuti takamunzwa achiti Jesu uyu weNazareta achaparadza
nzvimbo ino uye agoshandura tsika dzatakapiwa naMozisi."

15 Vose vakanga vagere muDare Guru vakatarisisa Sitefani vakaona kuti
chiso chake chakanga chaita sechiso chomutumwa.

# 7

*Sitefani anotaura kuDare Guru*

1 Ipapo muprista mukuru akamubvunza akati, "Izvi zvauri kupomerwa
ndezvechokwadi here?"

[2] Iye akapindura achiti, “Hama dzangu nemi madzibaba, nditeer-
erei! Mwari wokubwinya akazviratidza kuna baba vedu Abhurahama
paakanga achiri kuMesopotamia, asati agara muHarani. [3] Mwari akati
kwaari, ‘Ibva munyika yako nokuhama dzako, uende kunyika yandichaku-
ratidza.’

[4] “Saka akabva munyika yavaKaradhea akandogara muHarani. Shure
kwokufa kwababa vake, Mwari akamutuma munyika ino yamugere zvino.
[5] Haana kumupa nhaka imomo, kunyange paangatsika norutsoka rwake.
Asi Mwari akamuvimbisa kuti iye nezvizvarwa zvake zvaimutevera
vaizotora nyika ino, kunyange panguva iyoyo Abhurahama akanga asina
mwana. [6] Mwari akataura naye achiti, ‘Zvizvarwa zvako zvichava vatorwa
munyika isiri yavo, uye vachaitwa varanda vagotambudzwa kwamakore
mazana mana. [7] Asi ndicharanga rudzi rwavachashandira senhapwa,’
ndizvo zvakataurwa naMwari, ‘uye shure kwaizvozvo vachabuda mun-
yika iyoyo vagondishumira panzvimbo ino.’ [8] Ipapo akapa Abhurahama
sungano yokudzingiswa. Abhurahama akabereka Isaka akamudzingisa
zuva rorusere shure kwokuberekwa kwake. Shure kwaizvozvo Isaka
akabereka Jakobho, uye Jakobho akabereka madzitateguru ane gumi
navaviri.

[9] “Nokuti madzitateguru akaitira godo Josefa, vakamutengesa senhapwa
kuIjipiti. Asi Mwari akanga anaye [10] akamununura kubva pamatam-
budziko ake ose. Akapa Josefa uchenjeri uye akaita kuti adikanwe naFaro
mambo weIjipiti; saka akamuita mutongi weIjipiti nomuzinda wake wose.

[11] “Zvino nzara yakasvika muIjipiti yose neKenani, kukava nokutam-
budzika kukuru, uye madzibaba edu akashayiwa zvokudya. [12] Jakobho
akati anzwa kuti kuIjipiti kwaiva nezviyo, akatuma madzibaba edu
parwendo rwavo rwokutanga. [13] Parwendo rwavo rwechipiri, Josefa
akaudza madzikoma ake kuti iye aiva ani uye Faro akanzwa nezvemhuri
yaJosefa. [14] Shure kwaizvozvo, Josefa akatuma shoko kuti baba vake
Jakobho, nemhuri yavo yose, vanhu makumi manomwe navashanu
pamwe chete, vauye. [15] Ipapo Jakobho akaburuka akaenda kuIjipiti,
uko kwaakandofira iye namadzibaba edu. [16] Mitumbi yavo yakatakurwa
ikaendeswa kuShekemu vakavigwa muguva rakanga ratengwa naAbhura-
hama kubva kuvanakomana vaHamori, paShekemu, nomutengo wemari
yakati kuti.

[17] “Nguva yakati yaswedera yokuti Mwari azadzise chipikirwa chake
kuna Abhurahama, uwandu hwavanhu vedu muIjipiti hwakawedzerwa
zvikuru. [18] Ipapo mumwe mambo, akanga asingazivi nezvaJosefa, akava
mutongi weIjipiti. [19] Akabata vanhu vedu zvakaipa akadzvinyirira
madzitateguru edu achivamanikidza kuti varase vana vachangoberekwa
kuitira kuti vagofa.

[20] “Panguva iyoyo Mozisi akaberekwa, uye akanga asiri mwanawo
zvake. Akachengetwa mumba mababa vake kwemwedzi mitatu.
[21] Paakasiyiwa kunze, mwanasikana waFaro akamutora akamurera
somwanakomana wake. [22] Mozisi akadzidziswa uchenjeri hwose hweI-
jipiti uye aigona kwazvo kutaura nokuita zvinhu.

[23] “Mozisi paakanga ava namakore makumi mana okuberekwa, aka-
funga zvokundoshanyira hama dzake ivo vaIsraeri. [24] Akaona mumwe
wavo achitambudzwa nomuIjipita, saka akasvika akamurwira akatsiva
nokuuraya muIjipita uya. [25] Mozisi akafunga kuti vanhu vake vachaziva
kuti Mwari ainge achimushandisa kuti avanunure, asi ivo havana

kuzviziva. 26 Fume mangwana Mozisi akasvikowana vaIsraeri vaviri
vachirwa. Akaedza kuvayananisa achiti, 'Varume, muri hama imi;
munodireiko kukuvadzana?'
27 "Asi murume uya akanga achitambudza mumwe akasundidzira
Mozisi padivi akati, 'Ndianiko akakuita mubati nomutongi wedu?
28 Unoda kundiuraya sokuuraya kwawakaita muIjipita nezuro?' 29 Mozisi
paakanzwa izvozvo, akatiza akaenda kuMidhiani, uko kwaakandogara ari
mutorwa uye akabereka vanakomana vaviri.
30 "Makore makumi mana akati apfuura, mutumwa akazviratidza
kuna Mozisi ari mumurazvo womoto mugwenzi, mugwenga raiva pedyo
neGomo reSinai. 31 Paakaona chinhu ichi, akashamiswa nezvaakaona.
Akati achiswedera kuti anyatsoona, akanzwa inzwi raIshe richiti, 32 'Ndini
Mwari wamadzibaba ako, Mwari waAbhurahama, Isaka naJakobho.'
Mozisi akadedera nokutya akatadza kana kutarisa.
33 "Ipapo Jehovha akati kwaari, 'Bvisa shangu dzako; nokuti nzvimbo
yaumire pairi itsvene. 34 Zvirokwazvo ndaona kudzvinyirirwa kwavanhu
vangu muIjipiti. Ndanzwa kugomera kwavo, saka ndaburuka kuti
ndizovasunungura. Zvino uya, ndinoda kukutuma udzokere kuIjipiti.'
35 "Ndiye Mozisi uya wavakanga varamba namashoko okuti, 'Ndianiko
akakuita mubati nomutongi wedu?' Ndiye akatumwa naMwari pachake
kuti ave mubati nomusunungurі wavo, kubudikidza nomutumwa akazvi-
ratidza kwaari mugwenzi. 36 Ndiye akavabudisa muIjipiti uye akaita
zvishamiso nezviratidzo muIjipiti, paGungwa Dzvuku uye kwamakore
makumi mana murenje.
37 "Ndiye Mozisi uya akaudza vaIsraeri kuti, 'Mwari achakutumirai
muprofita akaita seni anobva muvanhu venyu chaivo.' 38 Akanga ari
muungano yaiva murenje, pamwe chete nomutumwa akataura kwaari
paGomo reSinai, uye namadzibaba edu; uye akagamuchira mashoko
mapenyu kuti azoasvitsa kwatiri.
39 "Asi madzibaba edu akaramba kumuteerera. Vakamuramba uye
mumwoyo yavo vakadzokerazve kuIjipiti. 40 Vakati kuna Aroni, 'Tiitire
vamwari vachatitungamirira. Kana ari Mozisi uyu akatibudisa muIjipiti,
hatizivi zvakamuwira! 41 Ndiyo nguva yavakaumba chifananidzo chakaita
semhuru. Vakauya nezvibayiro kwachiri vakachipemberera vachikudza
chinhu chakaitwa namaoko avo. 42 Asi Mwari akavafuratira akavasiya kuti
vanamate hondo dzokudenga, sezvazvakanyorwa mubhuku ravaprofita
zvichinzi:
" 'Makandivigira zvibayiro nezvipo
makore makumi mana murenje here, imi imba yaIsraeri?
43 Makatakura tabhenakeri yaMoreki
nenyeredzi yamwari wenyu Refani,
zvifananidzo zvamakaita kuti muzvinamate.
Naizvozvo ndichakuendesai kuutapwa' mberi kweBhabhironi.
44 "Madzitateguru edu akanga ane tabhenakeri yeChipupuriro
pakati pavo murenje. Yakanga yakagadzirwa sokurayirwa kwakanga
kwaitwa Mozisi naMwari, maererano nomufananidzo waakanga aona.
45 Vakagamuchira tabhenakeri, vachitungamirirwa naJoshua, madzibaba
edu akauya pamwe chete nayo paya pavakatora nyika kubva kundudzi
dzakanga dzadzingwa pamberi pavo naMwari. Tabhenakeri yakagara
munyika iyo kusvikira panguva yaDhavhidhi, 46 uyo akaitirwa zvakanaka
naMwari uye akakumbira kuti avakire Mwari waJakobho nzvimbo
yokugara. 47 Asi Soromoni ndiye akazomuvakira imba.

48 “Kunyange zvakadaro, Wokumusoro-soro haagari mudzimba dza-
kavakwa navanhu. Sezvinorehwa nomuprofita achiti:
49 “ ‘Denga ndicho chigaro changu choushe
uye nyika ndiyo chitsiko chetsoka dzangu.
Ko, muchandivakira imba yakaita sei?
ndizvo zvinotaura Ishe.
Kana kuti nzvimbo yangu yokuzorora ichava kupiko?
50 Ko, ruoko rwangu haruna kuita izvozvi zvose here?’
51 “Imi vanhu vemitsipa mikukutu, vane mwoyo nenzeve dzisina
kudzingiswa! Makangoita samadzibaba enyu: Munogara muchidzivisa
Mweya Mutsvene! 52 Kwakambova nomuprofita asina kutambudzwa
namadzibaba enyu here? Vakauraya kunyange vaya vakaprofita kuuya
kwaIye Oga Akarurama. Uye zvino makamupandukira mukamuuraya,
53 iyemi makagamuchira murayiro wamakapiwa kubudikidza nava-
tumwa, asi mukasauteerera.”

### *Kutakwa kwaSitefani namabwe*

54 Vakati vanzwa izvi, vakashatirwa zvikuru uye vakamurumanyira
meno avo. 55 Asi Sitefani, azere noMweya Mutsvene, akatarisa ku-
denga akaona kubwinya kwaMwari, uye Jesu amire kuruoko rworudyi
rwaMwari. 56 Akati, “Tarirai, ndinoona denga razaruka uye Mwanako-
mana woMunhu amire kuruoko rworudyi rwaMwari.”
57 Pavakanzwa izvi vakadzivira nzeve dzavo vakamhanyira kwaari vose,
vachidanidzira namanzwi ari pamusoro-soro, 58 vakamuzvuzvurudzira
kunze kweguta vakatanga kumutaka namabwe. Uye, vaya vaiva zvapupu
vakandoisa nguo dzavo patsoka dzejaya rainzi Sauro.
59 Vachiri kumutaka namabwe, Sitefani akanyengetera, akati, “Ishe
Jesu, gamuchirai mweya wangu.” 60 Ipapo akapfugama namabvi ake
akadanidzira achiti, “Ishe, musavapa mhosva yechivi ichi.” Akati ataura
izvi, akavata.

## 8

1 Uye Sauro akanga aripo achibvumirana nokufa kwake.

### *Kereke inotambudzwa uye inoparadzirwa*

Nomusi uyo kutambudzwa kukuru kwakatanga pakereke yepa-
Jerusarema, uye vose vakaparadzirwa muJudhea rose nomuSamaria,
kukasara vapostori chete. 2 Varume vaitya Mwari vakaviga Sitefani
uye vakamuchema zvikuru. 3 Asi Sauro akatanga kuparadza kereke.
Achipinda muimba neimba, akazvuzvurudza varume navakadzi achivaisa
mutorongo.

### *Firipi anoparidza muSamaria*

4 Vaya vakanga vaparadzirwa vakaparidza shoko kwose kwose
kwavaienda. 5 Firipi akaburuka akaenda kuguta raiva muSamaria aka-
paridza Kristu ikoko. 6 Vanhu vazhinji vakati vanzwa Firipi uye vakaona
zviratidzo zvaakaita, vose vakanyatsoteerera kune zvaaitaura. 7 Nokuti
mweya yetsvina yakabuda muvanhu ichidanidzira nenzwi guru, uye
vazhinji vakanga vakaoma mitezo navakanga vakaremara vakaporeswa.
8 Nokudaro kwakava nomufaro mukuru muguta iro.

### *Simoni N’anga*

9 Zvino kwechinguva mumwe murume ainzi Simoni akanga aita un'anga
muguta uye akashamisa vanhu vose veSamaria. Aizvirumbidza achiti
iye akanga ari munhu mukuru, 10 uye vanhu vose kubva kuna vakak-
wirira kusvikira kuna vari pasi pasi, vaimuteerera vachiti, "Munhu uyu
ndiye simba guru raMwari." 11 Vaimutevera nokuti akanga avashamisa
kwenguva refu namashiripiti ake. 12 Asi vakati vatenda Firipi sezvo
aiparidza vhangeri roumambo hwaMwari nezita raJesu Kristu, vakab-
habhatidzwa, vose varume navakadzi. 13 Simoni pachake akatenda uye
akabhabhatidzwa. Uye akatevera Firipi kwose kwose, achikatyamadzwa
nezviratidzo zvikuru zvaakaona.
14 Vapostori vaiva muJerusarema vakati vanzwa kuti vaSamaria vaga-
muchira shoko raMwari, vakatumira Petro naJohani kwavari. 15 Vakati
vasvika, vakavanyengeterera kuti vagamuchire Mweya Mutsvene,
16 nokuti Mweya Mutsvene akanga asati auya pamusoro paani zvake wavo;
vakanga vangobhabhatidzwa muzita raIshe Jesu. 17 Ipapo Petro naJohani
vakaisa maoko pamusoro pavo, vakagamuchira Mweya Mutsvene.
18 Simoni akati aona kuti Mweya Mutsvene waipiwa nokuiswa kwa-
maoko avapostori, akavapa mari 19 akati, "Ndipeiwo simba iri kuti munhu
wose wandichaisa maoko pamusoro agamuchire Mweya Mutsvene."
20 Petro akapindura akati, "Mari yako ngaiparare pamwe chete newe,
nokuti wafunga kuti ungatenga chipo chaMwari nemari! 21 Iwe hauna
chikamu kana mugove muushumiri uhu, nokuti mwoyo wako hauna
kunaka pamberi paMwari. 22 Tendeuka ubve pakuipa uku uye un-
yengetere kuna She. Zvimwe achakukanganwira pakuva nepfungwa
yakadai mumwoyo mako. 23 Nokuti ndinoona kuti iwe uzere nduru
inovava uye wakasungwa nechivi."
24 Ipapo Simoni akapindura akati, "Ndinyengetererei kuna She kuti
zvose zvamataura zvirege kuitika kwandiri."
25 Vakati vapupura uye vakaparidza shoko raShe, Petro naJohani
vakadzokera kuJerusarema, vachiparidza vhangeri mumisha yakawanda
yomuSamaria.

### *Firipi nomuEtiopia*

26 Zvino mutumwa waShe akati kuna Firipi, "Buruka uende zasi
kumugwagwa, wokugwenga, unoburuka uchibva kuJerusarema uchienda
kuGaza." 27 Saka akasimuka akapinda munzira uye akasangana no-
muyunaki wechiEtiopia, muchinda mukuru aichengeta pfuma yaKandase,
mambokadzi weEtiopia. Murume uyu akanga aenda kundonamata
kuJerusarema, 28 uye pakudzoka kwake kumusha akanga agere mungoro
achiverenga bhuku raIsaya muprofita. 29 Mweya Mutsvene akati kuna
Firipi, "Enda kungoro iyo, uswedere pedyo nayo."
30 Ipapo Firipi akamhanya achienda kungoro akanzwa murume uya
achiverenga kubva kuna Isaya muprofita. Firipi akati kwaari, "Uri
kunzwisisa zvauri kuverenga here?"
31 Iye akati, "Ndinganzwisisa seiko kana pasina munhu anonditsanan-
gurira?" Saka akadana Firipi kuti akwire mungoro agare nayemo.
32 Muyunaki uyu aiverenga chitsauko ichi choRugwaro:
"Akatungamirirwa segwai raindobayiwa,
uye segwayana rinyerere pamberi pomuveuri,
saka haana kushamisa muromo wake.
33 Mukuninipiswa kwake akashayiwa kururamisirwa.
Ndianiko angataura nezvezvizvarwa zvake?

Nokuti upenyu hwake hwakabviswa panyika.”
34 Muyunaki uyu akabvunza Firipi akati, “Ndapota, ndiudze, muprofita
ari kutaura pamusoro paaniko, anozvireva iye kana mumwe munhuwo?”
35 Ipapo Firipi akatanga nechitsauko ichocho choRugwaro akamuparidzira
vhangeri raJesu.
36 Zvavakanga vachifamba nomugwagwa, vakasvika pakanga pane
mvura saka muyunaki akati, “Tarirai, heino mvura. Chingandikonesa
kubhabhatidzwa chiiko?” 37 Uye Firipi akati, “Kana uchitenda nomwoyo
wako wose, zvinogoneka.” Iye akapindura akati, “Ndinotenda kuti Jesu
Kristu ndiye Mwanakomana waMwari.” 38 Akarayira kuti ngoro imiswe.
Ipapo vose vari vaviri, Firipi nomuyunaki vakapinda mumvura, Firipi
akamubhabhatidza. 39 Vakati vabuda mumvura, Mweya waShe wakatora
Firipi pakarepo, uye muyunaki haana kuzomuonazve, asi akafamba
munzira yake achifara kwazvo. 40 Zvakadaro hazvo, Firipi akazoonekwa
paAzotasi uye akafamba achiparidza vhangeri mumaguta ose kusvikira
asvika kuKesaria.

# 9

*Kutendeuka kwaSauro*

1 Zvichakadaro Sauro akanga ari mubishi rokutaura zvokuuraya
vadzidzi vaShe. Akaenda kumuprista mukuru 2 akandomukumbira
matsamba kuti agoenda nawo kumasinagoge okuDhamasiko, kuti kana
akawana ani zvake ari weNzira iyo, vangava varume kana vakadzi,
aizovabata savasungwa agoenda navo kuJerusarema. 3 Akati oswedera
kuDhamasiko ari parwendo rwake, pakarepo chiedza chakabva kudenga
chikamupenyera kumativi ose. 4 Akawira pasi akanzwa inzwi richiti
kwaari, “Sauro, Sauro, unonditambudzireiko?”
5 Sauro akabvunza akati, “Ndimi aniko, Ishe?”
Iye akapindura akati, “Ndini Jesu wauri kutambudza. 6 Zvino simuka
uende muguta, uchandoudzwa zvaunofanira kuita.”
7 Varume vaifamba naSauro vakamira vakashaya chokutaura;
vakanzwa inzwi asi havana kuona kana munhu. 8 Sauro akasimuka,
asi akati achisvinudza meso ake haana kugona kuona chinhu. Saka
vakamubata ruoko vakamutungamirira kupinda muDhamasiko. 9 Akava
bofu kwamazuva matatu, uye akanga asingadyi kana kunwa kana chinhu.
10 MuDhamasiko makanga muno mudzidzi ainzi Ananiasi. Ishe akati
kwaari muchiratidzo, “Ananiasi!”
Iye akapindura akati, “Ndiri pano Ishe.”
11 Ishe akati kwaari, “Enda kumba kwaJudhasi panzira inonzi Nzira
Yakarurama undobvunza murume anonzi Sauro anobva kuTasasi, nokuti
ari kunyengetera. 12 Akaona muchiratidzo murume anonzi Ananiasi
achiuya kwaari akaisa maoko ake pamusoro pake kuti aonezve.”
13 Ananiasi akapindura akati, “Ishe, ndakanzwa mashoko akawanda
pamusoro pomurume uyu, uye nezvakaipa zvose zvaakaitira vatsvene
venyu muJerusarema. 14 Uye akauya kuno nemvumo yakabva kuvaprista
vakuru yokuti asunge vose vanodana kuzita renyu.”
15 Asi Ishe akati kuna Ananiasi, “Enda! Murume uyu mudziyo
wangu wandakasanangura kuti aende nezita rangu pamberi pevedz-
imwe ndudzi napamberi pamadzimambo avo uye napamberi paIsraeri.
16 Ndichamuratidza kuti anofanira kutambudzika sei nokuda kwezita
rangu.”

[17] Ipapo Ananiasi akaenda kuimba iyi akasvikopindamo. Akaisa
maoko ake pamusoro paSauro akati, "Muzvarwa Sauro, Ishe Jesu, uyo
akazviratidza kwauri pamugwagwa pawakanga uchiuya kuno, anditsuma
kuti iwe uonezve uye uzadzwe noMweya Mutsvene." [18] Pakarepo,
zvinhu zvakaita samakwati zvakabva pameso aSauro, akagona kuonazve.
Akasimuka akabhabhatidzwa, [19] uye shure kwokunge adya zvokudya,
akavazve nesimba.

*Sauro muDhamasiko nomuJerusarema*

Sauro akagara navadzidzi paDhamasiko kwamazuva mazhinji.
[20] Pakarepo akatanga kuparidza musinagoge kuti Jesu ndiye
Mwanakomana waMwari. [21] Vose vakamunzwa vakakatyamara vakati,
"Ko, haazi iye here akamutsa bongozozo muJerusarema pakati paavo
vanodana kuzita iri? Uye haana kuuya kuno kuzovabata savasungwa
kuti avaendese kuvaprista vakuru here?" [22] Asi Sauro akanyanya kuva
nesimba akakunda vaJudha vaigara muDhamasiko achivaratidza kuti
Jesu ndiye Kristu.

[23] Mazuva mazhinji akati apera, vaJudha vakarangana kumuuraya, [24] asi
Sauro akanzwa nezverangano yavo. Vakarinda masuo eguta masikati
nousiku vachiitira kuti vagomuuraya. [25] Asi vateveri vake vakamutora
usiku vakamuburutsa ari mudengu napakanga pakashama murusvingo.

[26] Akati asvika kuJerusarema akaedza kuti abatane navadzidzi, asi vose
vakanga vachimutya, vasingatendi kuti akanga ava mudzidzi wechokwadi.
[27] Asi Bhanabhasi akamutora akamuuyisa kuvapostori. Akavaudza kuti
Sauro akanga aona Ishe sei ari parwendo rwake uye kuti muDhamasiko
Ishe akanga ataura kwaari, uyewo kuti akaparidza sei muzita raJesu
asingatyi. [28] Saka Sauro akagara navo muJerusarema akasununguka,
achitaura muzita raIshe uye akafamba asingatyi. [29] Akataura uye akapik-
isana navaJudha vaitaura chiGiriki, asi vakaedza kumuuraya. [30] Zvino
hama dzakati dzazvinzwa izvi, dzakamutora dzikaburuka naye kuKesaria
ndokumuendesa kuTasasi.

[31] Ipapo kereke yakava norugare muJudhea mose, nomuGarirea ne-
Samaria. Kereke yakasimbiswa; uye yakakurudzirwa naMweya Mutsvene,
ikakura pauwandu, ichirarama mukutya Ishe.

*Eniasi naDhokasi*

[32] Petro paakanga achifamba achipota nenyika, akashanyira vatsvene
muRidha. [33] Ikoko, akawana mumwe murume ainzi Eniasi akanga akaoma
mutezo uye akanga achigara avete panhoo kwamakore masere. [34] Petro
akati kwaari, "Eniasi, Jesu Kristu anokuporesa. Simuka uzvitakurire
nhoo yako." Pakarepo Eniasi akasimuka. [35] Vose vaigara muRidha
nomuSharoni vakamuona vakatendeukira kuna She.

[36] MuJopa maiva nomudzidzi ainzi Tabhita (kana zvichishandurwa,
Dhokasi), aiita zvakanaka nguva dzose uye achibatsira varombo.
[37] Panguva inenge iyoyo akatanga kurwara ndokubva afa, mutumbi wake
ukashambidzwa uye ukaiswa muimba yapamusoro. [38] Ridha yakanga iri
pedyo neJopa; saka vadzidzi vakati vanzwa kuti Petro akanga ari muRidha,
vakatuma varume vaviri kwaari kuti vandomukumbira vachiti, "Tapota,
uyai nokukurumidza!"

[39] Petro akaenda navo, uye akati asvika, vakamutora vakaenda naye
muimba yapamusoro. Chirikadzi dzose dzakamira dzakamupoteredza,
dzichichema dzichimuratidza majasi nedzimwe nguo dzakanga dzaitwa
naDhokasi panguva yaakanga achinavo.

40 Petro akavabudisa vose mumba; ipapo akapfugama namabvi ake
akanyengetera. Akatendeukira kumukadzi akanga afa akati, "Tabhita,
muka." Iye akasvinura meso ake, uye akati aona Petro, akamuka akagara.
41 Akamubata noruoko akamubatsira kuti amire netsoka dzake. Ipapo
akadana vatendi nechirikadzi ndokubva amupa kwavari ari mupenyu.
42 Izvi zvakazivikanwa muJopa yose, uye vanhu vazhinji vakatenda kuna
She. 43 Petro akambogara muJopa kwechinguva nomusuki wamatehwe
ainzi Simoni.

# 10

### *Koniriasi anodana Petro*

1 PaKesaria pakanga pano mumwe murume ainzi Koniriasi, mukuru
wezana weHondo yavaItaria. 2 Iye nemhuri yake vakanga vakazvipira
uye vaitya Mwari; aipa kwazvo kuna vanoshayiwa uye ainyengetera
kuna Mwari nguva dzose. 3 Mumwe musi panguva inenge yechitatu
masikati akaona chiratidzo. Akanyatsoona mutumwa waMwari, uyo
akauya kwaari akati, "Koniriasi!"

4 Koniriasi akatarisa kwaari achitya, akati, "Chinyiko, Ishe?"

Mutumwa akapindura akati, "Minyengetero yako nezvipo zvako
kuvarombo zvakwira kudenga sechipiriso chechirangaridzo pamberi
paMwari. 5 Zvino tuma vanhu kuJopa vandodana murume anonzi Simoni,
achinziwo Petro. 6 Ari kugara naSimoni musuki wamatehwe, ane imba iri
pedyo negungwa."

7 Mutumwa waakanga achitaura naye akati aenda, Koniriasi akadana
varanda vake vaviri nomumwe murwi akatendeka uyo aiva mumwe
wavachengeti vake. 8 Akavarondedzera zvose zvakanga zvaitika ndoku-
vatuma kuJopa.

### *Chiratidzo chaPetro*

9 Nenguva dzinenge dzamasikati dzezuva raitevera, vachiri parwendo
rwavo, uye voswedera pedyo neguta, Petro akakwira pamusoro pedenga
reimba kundonyengetera. 10 Akanzwa nzara uye akada zvokudya, uye
zvokudya zvakati zvichigadzirwa, akaona chiratidzo. 11 Akaona denga
razarurwa uye chimwe chinhu chakanga chakaita sejira guru chichibu-
rutswa pasi chakasungwa makona acho mana. 12 Chakanga chine mhando
dzose dzemhuka dzina makumbo mana, pamwe chete nezvinokambaira
zvenyika, neshiri dzedenga. 13 Ipapo inzwi rakati kwaari, "Simuka, Petro.
Baya udye."

14 Petro akapindura akati, "Zvirokwazvo kwete, Ishe! Handina kuton-
godya chinhu chisina kunaka kana chine tsvina."

15 Inzwi rakataurazve kwaari kechipiri richiti, "Usati chinhu chipi
zvacho chakanatswa naMwari chine tsvina."

16 Izvi zvakaitika katatu, pakarepo jira rikadzoserwa kudenga.

17 Petro achiri kushamiswa nezvaireva chiratidzo, varume vakanga va-
tumwa naKoniriasi vakawana pakanga pane imba yaSimoni uye vakamira
pasuo. 18 Vakadanidzira vachibvunza kana pakanga pari ipo paigara
Simoni ainziwo Petro.

19 Petro achiri kufunga pamusoro pechiratidzo, Mweya akati kwaari,
"Simoni, pane varume vatatu vari kukutsvaka. 20 Saka simuka uburuke
uende pasi. Usatya kuenda navo, nokuti ndini ndavatuma."

21 Petro akaburuka akandoti kuvarume ava, "Ndini wamuri kutsvaka.
Mavingeiko?"

[22] Varume vaya vakamupindura vakati, "Tabva kuna Koniriasi mukuru
wezana. Munhu akarurama uye anotya Mwari, anokudzwa navanhu
vose vechiJudha. Mutumwa mutsvene akamuudza kuti akudanei kuti
muuye kumba kwake kuti azonzwa zvamuchareva kwaari." [23] Ipapo Petro
akakoka varume ava kuti vapinde mumba vave vaeni vake.

*Petro mumba maKoniriasi*

Fume mangwana Petro akasimuka pamwe chete navo, uye dzimwe
hama dzokuJopa dzakaendawo naye. [24] Zuva rakatevera akasvika Kesaria.
Koniriasi akanga akavamirira uye akanga akoka hama dzake neshamwari
dzapedyo. [25] Petro akati apinda mumba, Koniriasi akamugamuchira uye
akawira patsoka dzake achimuremekedza. [26] Asi Petro akaita kuti asimuke
akati, "Simuka, ndinongova munhuwo zvangu."

[27] Petro achitaura naye, akapinda mumba akawana vanhu vazhinji
vakaungana. [28] Akati kwavari, "Imi munozviziva kuti hazvibvumirwi
nomurayiro wedu kuti muJudha adyidzane nomuhedheni kana ku-
mushanyira. Asi Mwari andiratidza kuti handifaniri kuti nditi munhu
haana kunaka kana kuti ane tsvina. [29] Nokudaro pandakadanwa,
ndakabva ndauya ndisingarambi. Regai ndichibvunza hangu kwamuri
kuti mandidanirei?"

[30] Koniriasi akapindura akati, "Mazuva mana apfuura ndakanga ndiri
mumba mangu ndichinyengetera senguva ino, nenguva yechitatu ya-
masikati. Pakarepo munhu akanga akapfeka nguo dzinopenya akamira
pamberi pangu [31] akati, 'Koniriasi, Mwari anzwa minyengetero yako uye
arangarira zvipo zvako kuvarombo. [32] Tumira vanhu kuJopa kuna Simoni
anonzi Petro. Mueni mumba maSimoni musuki wamatehwe, anogara
pedyo negungwa.' [33] Saka ndakabva ndatumira vanhu kwamuri pakarepo,
uye maita zvakanaka zvamauya. Zvino isu tose tiri pano pamberi paMwari
kuti tinzwe kwamuri zvose zvamarayirwa naShe kuti muzotitaurira."

[34] Ipapo Petro akatanga kutaura achiti, "Zvino ndava kuziva kuti
zvirokwazvo Mwari haazi mutsauri wavanhu [35] asi anogamuchira vanhu
vanobva kundudzi dzose, ivo vanomutya uye vanoita zvakarurama. [36] Imi
munoziva shoko rakatumwa naMwari kuvanhu veIsraeri, achivaudza
mashoko akanaka orugare kubudikidza naJesu Kristu, anova Ishe wavose.
[37] Munoziva zvakaitika muJudhea yose, kutanga kuGarirea shure kworub-
habhatidzo rwakaparidzwa naJohani, [38] zvokuti Mwari akazodza sei Jesu
Kristu weNazareta noMweya Mutsvene nesimba, uye kuti akapota sei
nenyika achiita zvakanaka achiporesa vose vakanga vari pasi pesimba
radhiabhori, nokuti Mwari aiva naye.

[39] "Isu tiri zvapupu zvezvinhu zvose zvaakaita munyika yavaJudha
nomuJerusarema. Vakamuuraya nokumuturika pamuti, [40] asi Mwari aka-
mumutsa kubva kuvakafa nezuva retatu akaita kuti aonekwe. [41] Haana
kuonekwa navanhu vose, asi nezvapupu zvakanga zvagara zvasarudzwa
naMwari nesu takadya uye tikanwa naye shure kwokumuka kwake kubva
kuvakafa. [42] Akatirayira kuti tiparidze kuvanhu uye tipupure kuti ndiye
akagadzwa naMwari kuti ave mutongi wavapenyu navakafa. [43] Vaprofita
vose vanopupura nezvake kuti ani naani anotenda kwaari anogamuchira
kanganwiro yezvivi kubudikidza nezita rake."

[44] Petro achiri kutaura mashoko aya, Mweya Mutsvene akauya pamu-
soro pavose vakanzwa shoko. [45] Vatendi vakadzingiswa vakanga vauya
naPetro vakakatyamara nokuti chipo choMweya Mutsvene chakanga

chadururirwa kunyange napamusoro pevedzimwe ndudziwo. 46 Nokuti
vakavanzwa vachitaura nendimi vachirumbidza Mwari.
Ipapo Petro akati, 47 "Pano munhu angadzivisa vanhu ava kuti vab-
habhatidzwe nemvura here? Vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakan-
goitawo isu." 48 Naizvozvo akarayira kuti vabhabhatidzwe muzita raJesu
Kristu. Ipapo vakakumbira Petro kuti ambogara navo kwamazuva
mashoma.

# 11

*Petro anorondedzera Zvaakaita*

1 Vapostori nehama dzomuJudhea yose vakanzwa kuti vedzimwe ndudzi
vakanga vagamuchirawo shoko raMwari. 2 Saka Petro akati aenda
kuJerusarema, vatendi vokudzingiswa vakamutsoropodza 3 vachiti, "Iwe
wakapinda mumba yavanhu vasina kudzingiswa ukandodya navo."
4 Petro akatanga kurondedzera zvinhu zvose kwavari zvichitevedzana
sokuitika kwazvakanga zvaita achiti, 5 "Ndakanga ndiri muguta reJopa
ndichinyengetera, ndikabatwa nomweya ndikaona chiratidzo. Ndakaona
chimwe chinhu chakanga chakaita sejira guru, chichiburutswa kubva
kudenga namakona acho mana, uye chakaburuka chikasvika pandaiva.
6 Ndakatarira mukati macho ndikaona mhuka dzenyika dzina makumbo
mana, zvikara zvesango, nezvinokambaira uye neshiri dzedenga.
7 "Ipapo ndakanzwa inzwi richiti kwandiri, 'Simuka, Petro. Baya udye.'
8 "Ndakapindura ndikati, 'Zvirokwazvo kwete, Ishe! Hakuna chinhu
chisina kunaka kana chine tsvina chakatombopinda mumuromo mangu.'
9 "Inzwi rakataurazve kechipiri richibva kudenga richiti, 'Usati chinhu
chipi zvacho chakanatswa naMwari hachina kunaka.' 10 Izvi zvakaitika
katatu, uye ipapo jira nezvose zvikadzoserwazve kudenga.
11 "Pakarepo varume vatatu vakanga vatumwa kwandiri vachibva
kuKesaria vakamira pamba pandaigara. 12 Mweya Mutsvene akandiudza
kuti ndirege kunonoka kuenda navo. Hama nhanhatu idzi dzakaendawo
neni, uye takasvikopinda mumba momurume uya. 13 Akatirondedzera
maonero aakanga aita mutumwa mumba make, uyo akati, 'Tuma vanhu
kuJopa kuna Simoni anonzi Petro. 14 Iye achakuvigirai shoko richaponesa
iwe neveimba yako vose.'
15 "Pandakatanga kutaura, Mweya Mutsvene akauya pamusoro pavo
samauyiro aakaita kwatiri pakutanga. 16 Ipapo ndakarangarira zvakanga
zvarehwa naShe achiti, 'Johani akabhabhatidza nemvura, asi imi much-
abhabhatidzwa noMweya Mutsvene.' 17 Saka kana Mwari akavapa chipo
chimwe chetecho chaakatipa isu, vakatenda muna Ishe Jesu Kristu, ko, ini
ndaigova ani zvangu kuti ndipikisane naMwari?"
18 Vakati vanzwa izvozvo, vakashayiwa zvimwe zvokureva uye
vakarumbidza Mwari vachiti, "Saka zvino Mwari akapawo vedzimwe
ndudzi kutendeuka kunotungamirira kuupenyu."

*Kereke yomuAndioki*

19 Zvino vaya vakanga vaparadzirwa namatambudziko nokuda kwa-
Sitefani vakafamba vakandosvika kuFonisia, Saipurasi neAndioki, vachi-
taura shoko kuvaJudha bedzi. 20 Kunyange zvakadaro, vamwe varume
vaibva kuSaipurasi nokuKurini, vakaenda kuAndioki vakatanga kutaura
kuvaGirikiwo, vachivataurira mashoko akanaka ezvaIshe. 21 Ruoko

rwaShe rwakanga rwuri pamusoro pavo, uye vanhu vazhinji vakatenda
vakatendeukira kuna She.
22 Mukurumbira wazvo wakasvika munzeve dzekereke yapaJerusarema,
ndokubva vatuma Bhanabhasi kuAndioki. 23 Akati asvika, akaona umboo
hwenyasha dzaMwari, uye akafara, akavakurudzira vose kuti varambe
vakatendeka kuna She nemwoyo yavo yose. 24 Iye akanga ari munhu
akanaka, azere noMweya Mutsvene nokutenda, uye vanhu vazhinji
vakauya kuna She.
25 Ipapo Bhanabhasi akaenda kuTasasi kundotsvaka Sauro, 26 uye akati
amuwana, akauya naye kuAndioki. Saka gore rose rakapera Bhanabhasi
naSauro vachisangana nekereke uye vakadzidzisa vanhu vazhinji kwazvo.
Vadzidzi vakanzi vaKristu kwokutanga paAndioki.
27 Panguva iyoyo vamwe vaprofita vakaburuka vachibva kuJerusarema
vachienda kuAndioki. 28 Mumwe wavo, ainzi Agabhusi, akasimuka
akaprofita noMweya Mutsvene kuti nzara huru yaizopararira munyika
yose yavaRoma. (Izvi zvakaitika munguva yokutonga kwaKiraudhio).
29 Vadzidzi vakazvipira, mumwe nomumwe napaaigona napo, kuti ape
rubatsiro kuhama dzaigara muJudhea. 30 Vakaita izvi, vakatumira chipo
chavo naBhanabhasi naSauro kuvakuru.

# 12

*Chishamiso choKubuda Mutorongo kwaPetro*

1 Yakanga iri nguva inenge imwe cheteyo Mambo Herodhi paakasunga
vamwe vaiva nhengo dzekereke, achida kuvatambudza. 2 Akanga aita
kuti Jakobho mukoma waJohani aurayiwe nomunondo. 3 Paakaona
kuti izvozvo zvakafadza vaJudha, akapfuurira mberi akandosungawo
Petro. Izvi zvakaitika panguva yoMutambo weZvingwa Zvisina Mbiriso.
4 Mushure mokumusunga, akamuisa mutorongo, akaita kuti arindwe
namapoka mana avarwi, boka rimwe nerimwe riina varwi vana. Herodhi
akanga achida kumumisa padare rokutongwa shure kwePasika.
5 Saka Petro akachengetwa mutorongo, asi kereke yakanga ichimun-
yengeterera zvikuru kuna Mwari.
6 Usiku hwaaifanira kumiswa pamberi pedare naHerodhi husati
hwasvika, Petro akanga avete pakati pavarwi vaviri, akasungwa nenge-
tani mbiri, uye varindi vakanga vakamira vakarinda vari pamukova.
7 Pakarepo mutumwa waShe akaonekwa uye chiedza chakavhenekera
muchitokisi. Akarova Petro parutivi ndokumumutsa achiti, “Kurumidza
muka!” Ipapo ngetani dzakawa pamaoko aPetro.
8 Mutumwa akati kwaari, “Pfeka nguo dzako neshangu dzako.” Uye
Petro akaita saizvozvo. Mutumwa akati kwaari, “Monera jasi rako ubve
wanditevera.” 9 Petro akamutevera achibuda mutorongo, asi akanga
asingazivi kuti zvaiitwa nomutumwa zvakanga zvichitoitika; akafunga
kuti aiona chiratidzo. 10 Vakapfuura napavarindi vokutanga nevechipiri
ndokusvika pasuo resimbi rakanga rakatarira kuguta. Rakangovazarukira
roga, vakapinda nepariri. Vakati vafamba kusvika kumagumo kweimwe
nzira, pakarepo mutumwa akamusiya.
11 Ipapo Petro akapengenuka akati, “Zvino ndava kuziva ndisingaton-
gokahadziki kuti Ishe atuma mutumwa wake uye andinunura pamaoko
aHerodhi napazvinhu zvose zvanga zvakatarisirwa navanhu vechiJudha.”
12 Izvi zvakati zvajeka kwaari, akaenda kumba kwaMaria mai va-
Johani, ainziwo Mako, uko kwakanga kwakaungana vanhu vazhinji

vachinyengetera. 13 Petro akagogodza pamukova wokunze, musikana
ainzi Rodha akauya kuzodaira kugogodza uku. 14 Akati anzwa kuti inzwi
raPetro, akafara zvikuru akadzokera achimhanya asati atongozarura
musuo akavaudza akati, "Petro ari pamukova!"
15 Vakati kwaari, "Wava kupenga." Paakaramba achisimbisisa kuti
zvakanga zviri izvo, ivo vakati, "Anofanira kunge ari mutumwa wake."
16 Asi Petro akaramba achigogodza, uye vakati vazarura mukova,
vakamuona vakashamiswa. 17 Petro akaninira maoko ake kwavari kuti
vanyarare ndokurondedzera kuti Ishe akanga amubudisa sei mutorongo.
Akati, "Muudze Jakobho nehama pamusoro paizvozvi." Ipapo akabva
akaenda kune imwe nzvimbo.
18 Mangwanani acho, kwakava nebope guru pakati pavarwi vachida
kuziva kuti chii chakanga chaitika kuna Petro. 19 Mushure mokunge
Herodhi amutsvakisisa kwazvo uye asina kumuwana, akanyatsobvunzi-
sisa varindi ndokubva arayira kuti vaurayiwe. Ipapo Herodhi akabva
kuJudhea akaenda kuKesaria akandogarako kwechinguva.

*Kufa kwaHerodhi*

20 Akanga atsamwirana navanhu veTire neSidhoni, ndokubva vabatana
pamwe chete vakauya kwaari kuti vataure naye. Vakati vawana rutsigiro
rwaBhurasto, muranda akatendeka wamambo, vakakumbira runyararo,
nokuti vaipona nenyika yamambo, nokuti ndiko kwavaiwana zvokudya.
21 Pazuva rakanga ratarwa, Herodhi akapfeka nguo dzake dzoushe,
akagara pachigaro chake choushe akataura kuvanhu. 22 Vakadanidzira
vachiti, "Iri inzwi ramwari, kwete romunhu." 23 Pakarepo, nokuti Herodhi
haana kurumbidza Mwari, mutumwa waShe akamurova, akadyiwa
nehonye uye akafa.
24 Uye shoko raMwari rakaramba richikura uye richipararira.
25 Bhanabhasi naSauro vakati vapedza basa ravo, vakadzokera ku-
Jerusarema, vakatorawo Johani, ainzi Mako.

# 13

*Bhanabhasi naSauro Vanotumwa*

1 Mukereke yapaAndioki maiva navaprofita navadzidzisi vaiti: Bhan-
abhasi, Simeoni ainzi Nigeri, Rusiasi wokuSairini, Manaeni (akanga
arerwa naHerodhi mubati) naSauro. 2 Pavakanga vachinamata Ishe uye
vachitsanya, Mweya Mutsvene akati, "Nditsaurirei Bhanabhasi naSauro
kuti vabate basa randakavadanira." 3 Saka vakati vapedza kutsanya
nokunyengetera, vakaisa maoko avo pamusoro pavo vakavatuma.

*Vapostori vanoparidza paSaipurasi*

4 Ava vaviri vakati vatumwa naMweya Mutsvene parwendo rwavo,
vakaburuka vakaenda kuSerusia, vakazobvako vakakwira chikepe
ndokuenda kuSaipurasi. 5 Vakati vasvika paSaramisi, vakaparidza shoko
raMwari musinagoge ravaJudha. Johani akanga achivabatsira.
6 Vakafamba nomuchiwi chose kudzamara vasvika kuPafosi. Vakasan-
gana neimwe n'anga yechiJudha ikoko, uye akanga ari muprofita wen-
hema ainzi Bhari Jesu, 7 akanga ari muchengeti womubati wenyika ainzi
Segio Paurusi. Mubati akanga ari murume akachenjera, akadana Bhan-
abhasi naSauro nokuti aida kunzwa shoko raMwari. 8 Asi Erimasi n'anga
(nokuti ndizvo zvaireva zita rake) akavapikisa akaedza kutsausa mubati
uyu pakutenda. 9 Ipapo Sauro akanga achinziwo Pauro, azere noMweya

Mutsvene akatarisisa Erimasi akati, 10 "Iwe uri mwana wadhiabhori
nomuvengi wezvinhu zvose zvakarurama! Uzere nokunyengera kwose
namano akaipa. Hausi kuzorega here kumonyorotsa nzira dzakarurama
dzaShe? 11 Zvino ruoko rwaShe rwava pamusoro pako. Uchava bofu, uye
uchatadza kuona chiedza chezuva kwechinguva."

Pakarepo mhute nerima zvakauya pamusoro pake, akadzivaira pose
pose achitsvaka mumwe munhu angamutungamirira. 12 Mubati akati
aona zvakanga zvaitika akatenda nokuti akashamiswa nedzidziso yez-
vaShe.

### *Pauro anoparidza paAndioki yePisidhia*

13 Vachibva paPafosi, Pauro navanhu vaaifamba navo vakakwira
chikepe vakaenda kuPega muPamufiria, uye vava ikoko Johani akavasiya
akadzokera kuJerusarema. 14 Vachibva kuPega vakapfuurira kuAndioki
yePisidhia. Nomusi weSabata vakapinda musinagoge vakasvikogara
pasi. 15 Mushure mokuverengwa kwoMurayiro naVaprofita, vabati
vomusinagoge vakatuma shoko kwavari vachiti, "Hama, kana mune shoko
rokukuridzira vanhu, tapota taurai henyu."

16 Ipapo Pauro akasimuka, akaninira noruoko rwake akati, "Varume
veIsraeri nemi mose vedzimwe ndudzi vanonamata Mwari, nditeererei!
17 Mwari wavanhu veIsraeri akasarudza madzibaba edu; akaita kuti
vanhu vabudirire panguva yavaigara muIjipiti, akavabudisa munyika iyo
nesimba guru, 18 akava nomwoyo murefu namaitiro avo kwamakore
anenge makumi mana vari mugwenga, 19 akakunda ndudzi nomwe
muKenani akapa nyika yavo kuvanhu vake kuti ive nhaka yavo. 20 Izvi
zvakatora makore anenge mazana mana namakumi mashanu.

"Shure kwaizvozvi, Mwari akavapa vatongi kusvikira panguva
yaSamueri muprofita. 21 Ipapo vanhu vakakumbira mambo, akavapa
Sauro mwanakomana waKishi, worudzi rwaBhenjamini, uyo akatonga
kwamakore makumi mana. 22 Shure kwokunge abvisa Sauro, akagadza
Dhavhidhi kuti ave mambo wavo. Iye akapupura pamusoro pake
achiti, 'Ndawana Dhavhidhi mwanakomana waJese murume wapamwoyo
pangu; iye achaita zvinhu zvose zvandinoda kuti aite.'

23 "Kubva kuzvizvarwa zvomurume uyu Mwari akavigira vaIsraeri
Muponesi Jesu, sezvaakanga avimbisa. 24 Jesu asati auya, Johani aka-
paridza kutendeuka norubhabhatidzo kuvanhu vose veIsraeri. 25 Johani
paakanga ava kupedzisa basa rake, akati, 'Munofunga kuti ndini ani?
Handizi iye uya. Kwete, asi iye ari kuuya shure kwangu, ndiye
wandisingakodzeri kusunungura shangu dzake.'

26 "Hama dzangu, vana vaAbhurahama nemi vedzimwe ndudzi vanotya
Mwari, shoko iri roruponeso rakatumirwa kwatiri. 27 Vanhu veJerusarema
navatongi vavo havana kuziva Jesu, asi pakumupa mhaka kwavo
vakazadzisa mashoko avaprofita anoverengwa Sabata rimwe nerimwe.
28 Kunyange vasina kuwana hwaro chaihwo hwokuti atongerwe rufu,
vakakumbira Pirato kuti amuuraye. 29 Vakati vapedza zvose zvakanga
zvakanyorwa pamusoro pake, vakamuburutsa pamuti vakamuradzika
muguva. 30 Asi Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, 31 uye akaonekwa
mazuva mazhinji naavo vakafamba naye kubva kuGarirea kusvikira
kuJerusarema. Ndivo zvapupu zvake zvino kuvanhu vokwedu.

32 "Tiri kukuudzai nhau dzakanaka kuti: Zvakavimbiswa madzibaba
edu naMwari, 33 akazvizadzisa kwatiri isu, vana vavo, nokumutsa Jesu
kubva kuvakafa. Sezvazvakanyorwa muPisarema rechipiri zvichinzi:

" 'Ndiwe Mwanakomana wangu;
nhasi ndava baba vako.'
34 Chokwadi chokuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, akasazom-
boora, chinotaurwa mumashoko aya anoti:
" 'Ndichakupa maropafadzo matsvene, uye echokwadi akavimbiswa kuna
Dhavhidhi.'
35 Nokudaro zvinotaurwa pane rimwe pisarema kuti:
" 'Hamungaregi Mutsvene wenyu achiona kuora.'
36 "Nokuti Dhavhidhi akati aita kuda kwaMwari pamazuva ake, akavata;
akavigwa namadzibaba ake uye muviri wake wakaora. 37 Asi uyo
akamutswa naMwari haana kuona kuora.
38 "Naizvozvo, hama dzangu, ndinoda kuti muzive kuti kubudikidza na-
Jesu, kukanganwirwa kwezvivi kunoparidzwa kwamuri. 39 Kubudikidza
naye munhu wose anotenda anoruramiswa pazvinhu zvose zvamanga
musingagoni kururamiswa pazviri nomurayiro waMozisi. 40 Chenjerai
kuti zvakataurwa navaprofita zviregе kuitika kwamuri, zvinoti:
41 " 'Tarirai imi vaseki,
mushamiswe uye muparare,
nokuti ndiri kuzoita chimwe chinhu pamazuva enyu
chamusingazombotendi,
kunyange dai mumwe munhu akakuudzai.' "
42 Pauro naBhanabhasi vava kubuda musinagoge, vanhu vakavakoka
kuti vazotaurazve pamusoro pezvinhu izvi paSabata raizotevera.
43 Gungano rakati rapararira, vazhinji vavaJudha navamwe vakanga
vatendeukira kuchiJudha vakatevera Pauro naBhanabhasi, ivo vakataura
navo uye vakavakurudzira kuti varambe vari munyasha dzaMwari.
44 PaSabata rakatevera rinenge guta rose rakaungana kuzonzwa shoko
raShe. 45 VaJudha vakati vaona vanhu vazhinji, vakazadzwa negodo
vakataura zvakaipa pamusoro pezvakanga zvichitaurwa naPauro.
46 Ipapo Pauro naBhanabhasi vakavapindura vasingatyi vakati, "Zvanga
zvakafanira kuti titaure shoko raMwari kwamuri imi kutanga. Sezvo
mariramba uye mukasazviona savanhu vakafanira upenyu husingaperi,
tava kuenda zvino kune veDzimwe Ndudzi. 47 Nokuti izvi ndizvo
zvakarayirwa kwatiri naShe achiti:
" 'Ndakakuitai chiedza kune veDzimwe Ndudzi,
kuti muvigire migumo yenyika ruponeso.' "
48 VeDzimwe Ndudzi vakati vanzwa izvozvo, vakafara uye vakakudza
shoko raShe; uye vose vakanga vakatarirwa upenyu husingaperi vaka-
tenda.
49 Shoko raShe rakapararira mudunhu rose. 50 Asi vaJudha vakaku-
rudzira vakadzi vaitya Mwari uye vaikudzikana navarume vaire-
mekedzwa veguta, vakamutsira Pauro naBhanabhasi kutambudzwa, uye
vakavadzinga mudunhu ravo. 51 Saka vakazunza guruva patsoka dzavo
vachiratidza kusafara pamusoro pavo ndokubva vaenda kuIkoniamu.
52 Uye vadzidzi vakazadzwa nomufaro uye noMweya Mutsvene.

# 14

*Pauro naBhanabhasi paIkoniamu*

1 PaIkoniamu Pauro naBhanabhasi vakasvikopinda musinagoge rava-
Judha sezvavaisiita nguva dzose. Imomo vakataura zvinobata mwoyo
kwazvo zvokuti vaJudha vazhinji neveDzimwe Ndudzi vakatenda. 2 Asi

vaJudha vakaramba kutenda vakamutsa mwoyo yeveDzimwe Ndudzi
uye vakavakanganisa pfungwa dzavo kuti vavenge hama. 3 Saka
Pauro naBhanabhasi vakapedza nguva refu varipo, vachitaura zvaIshe
vasingatyi, iye akasimbisa shoko renyasha dzake nokuvagonesa kuita
zviratidzo nezvishamiso. 4 Vanhu vomuguta vakapesana; vamwe vakatsi-
gira vaJudha, vamwewo vakatsigira vapostori. 5 VeDzimwe Ndudzi nava-
Judha, pamwe chete navatungamiri vavo vakarangana kuvaitira zvakaipa
nokuvataka namabwe. 6 Asi vakazviziva vakabva vatizira kuRistira
neDhebhe maguta avaRikonia nokudunhu rose rakanga rakapoteredza,
7 uko kwavakaramba vachiparidza vhangeri.

*MuRistira nomuDhebhe*

8 MuRistira maigara mumwe murume akanga ari mhetamakumbo,
akanga ari chirema kubva pakuberekwa kwake uye akanga asina kum-
bofamba. 9 Akateerera Pauro paakanga achitaura. Pauro akamutarisisa,
akaona kuti akanga ano kutenda kuti angaporeswa 10 akadanidzira akati,
"Simuka netsoka dzako!" Ipapo, murume akakwakuka akatanga kufamba.
11 Vazhinji vakati vaona zvakanga zvaitwa naPauro, vakadanidzira
norurimi rwechiRikonia vachiti, "Vamwari vaburuka kwatiri muchimiro
chavanhu!" 12 Bhanabhasi vakamutumidza kuti Zeusi, uye Pauro vaka-
mutumidza kuti Herimesi nokuti ndiye aiva mutauri mukuru. 13 Muprista
waZeusi aiva netemberi yake yakanga iri kunze kweguta, akauya nehando
namaruva kumasuo eguta nokuti iye navanhu vazhinji vaida kupa
zvibayiro kwavari.
14 Asi vapostori Bhanabhasi naPauro vakati vazvinzwa, vakabvarura
nguo dzavo vakamhanyira mukati moruzhinji, vakadanidzira vachiti,
15 "Varume, munoitireiko izvi? Isuwo tiri vanhu semi, vanhuwo
zvavo semi. Tinokuparidzirai mashoko akanaka, tichikuudzai kuti
mubve pazvinhu izvi zvisina maturo mudzokere kuna Mwari mupenyu,
akaita denga nenyika negungwa nezvinhu zvose zviri mukati mazvo.
16 Panguva dzakapfuura, akarega hake ndudzi dzose dzichifamba nenzira
dzadzo. 17 Asi haana kusiya pasina zvingamupupurira: Akakuitirai
tsitsi nokukupai mvura inobva kudenga nezvirimwa nenguva yazvo;
akakupai zvokudya zvakawanda uye akazadza mwoyo yenyu nomufaro."
18 Kunyange namashoko iwaya, zvakanga zvakaoma chose kuti vadzivise
vanhu vazhinji ava kuti varege kuvabayira.
19 Ipapo vamwe vaJudha vaibva kuAndioki nokuIkoniamu vakauya
vakasvikopindura mwoyo yavanhu vazhinji ava. Vakataka Pauro nam-
abwe ndokumuzvuzvurudzira kunze kweguta, vachifunga kuti afa. 20 Asi
shure kwokunge vadzidzi vaungana vakamukomba, akamuka akadzokera
muguta zvakare. Zuva rakatevera akaenda naBhanabhasi kuDhebhe.

*Vanodzokera kuAndioki yokuSiria*

21 Vakaparidza mashoko akanaka muguta iroro vakawana vadzidzi
vazhinji kwazvo. Ipapo vakadzokera kuRistira, Ikoniamu nokuAn-
dioki, 22 vachisimbisa vadzidzi nokuvakurudzira kuti varambe vari
pakutenda. Vakati, "Tinofanira kutambudzika kuti tipinde muumambo
hwaMwari." 23 Pauro naBhanabhasi vakagadza vatungamiri mukereke
imwe neimwe uye nokunyengetera nokutsanya, vakavakumikidza kuna
She, uyo wavaivimba naye. 24 Shure kwokupinda kwavo nomuPisidhia,
vakasvika muPamufiria, 25 uye vakati vaparidza shoko muPega, vakadzika
vakaenda kuAtaria.

26 Kubva paAtaria vakakwira chikepe vakadzokera kuAndioki, kuya
kwavakanga vakumikidzwa kunyasha dzaMwari pabasa ravakanga
vapedza zvino. 27 Vakati vasvika ikoko, vakaunganidza kereke pamwe
chete vakavarondedzera zvose zvakanga zvaitwa naMwari kubudikidza
navo uye kuti akanga avazarurira sei mukova wokutenda kune veDzimwe
Ndudzi. 28 Uye vakagara navadzidzi ipapo kwenguva refu.

# 15

*Ungano paJerusarema*

1 Vamwe varume vakauya vachibva kuJudhea vakaenda kuAndioki, uye
vakanga vachidzidzisa hama vachiti: "Kunze kwokunge madzingiswa,
maererano netsika yakadzidziswa naMozisi, hamungaponeswi." 2 Izvi
zvakasvitsa Pauro naBhanabhasi pakupesana navo zvikuru uye
nokukakavadzana navo. Saka Pauro naBhanabhasi vakasarudzwa
kuti vaende kuJerusarema pamwe chete navamwe vatendi, kuti
vandoona vapostori navakuru pamusoro peshoko iri. 3 Kereke
yakavatuma parwendo rwavo, uye pavakafamba vachipinda nomuFonisia
nomuSamaria, vakarondedzera kuti veDzimwe Ndudzi vainge
vachitendeuka sei. Shoko iri rakafadza hama dzose zvikuru. 4 Vakati
vasvika kuJerusarema, vakagamuchirwa nekereke navapostori uye
navakuru, vakarondedzera kwavari zvinhu zvose zvakanga zvaitwa
naMwari kubudikidza navo.

5 Ipapo vamwe vatendi vakanga vari vebato ravaFarisi vakasimuka
vakati, "VeDzimwe Ndudzi ava vanofanira kudzingiswa uye vanosungirwa
kuti vateerere murayiro waMozisi."

6 Vapostori navakuru vakasangana kuti vaongorore nyaya iyi. 7 Shure
kwehurukuro huru, Petro akasimuka akati, "Hama dzangu, munoziva imi
kuti nguva dzakare Mwari akandisarudza pakati penyu kuti veDzimwe
Ndudzi vanzwe shoko revhangeri rinobva pamiromo yangu vagotenda.
8 Mwari, iye anoziva mwoyo yavanhu akaratidza kuti anovagamuchira
nokuvapa Mweya Mutsvene, sezvaakangoitawo kwatiri. 9 Haana kuisa
mutsauko pakati pedu navo, nokuti akanatsa mwoyo yavo nokutenda.
10 Naizvozvo zvino, munodireiko kuedza Mwari nokuisa pamitsipa
yavadzidzi joko risina kugona kutakurwa nesu kana namadzibaba edu?
11 Kwete! Isu tinotenda kuti takaponeswa kubudikidza nenyasha dzaShe
wedu Jesu sezvavavakangoitwawo."

12 Sangano rose rakanyarara pavakanga vakateerera kuna Bhanabhasi
naPauro vachirondedzera pamusoro pezviratidzo nezvishamiso zvakanga
zvaitwa naMwari pakati peveDzimwe Ndudzi kubudikidza navo. 13 Vakati
vapedza, Jakobho akapindura achiti, "Hama dzangu, nditeererei. 14 Simoni
arondedzera kwatiri kuti pakutanga Mwari akaratidza nyasha dzake sei
paakazvitorera vanhu vake kubva kune veDzimwe Ndudzi. 15 Mashoko
avaprofita anotenderana naizvozvi, sezvazvakanyorwa zvichinzi:

16 " 'Shure kwaizvozvo ndichadzoka
ndigozovakazve tende yaDhavhidhi yakawa.
Ndichavakazve matongo ayo,
uye ndichaivandudzazve,
17 kuti vakasara vavanhu vatsvake Ishe,
uye neveDzimwe Ndudzi vose vanodanwa nezita rangu,
ndizvo zvinotaura Ishe, anoita zvinhu izvi,'
18 zvakangova zvazivikanwa kubva kare.

[19] "Naizvozvo, kufunga kwangu ini ndinoti hatifaniri kuomesera veDz-
imwe Ndudzi ava vari kutendeukira kuna Mwari. [20] Asi ngativanyorerei
tsamba tichivataurira kuti varege kudya zvakasvibiswa nezvifananidzo,
vabve paupombwe, nokudya nyama yemhuka dzakadzipwa, uye neropa.
[21] Nokuti kubva kare Mozisi akanga achiparidzwa muguta rimwe nerimwe
uye anoverengwa musinagoge paSabata rimwe nerimwe."

### *Tsamba yeDare kuVatendi vechiHedheni*

[22] Ipapo vapostori navakuru, nekereke yose, vakafunga kusarudza
vamwe varume pakati pavo kuti vagovatuma kuAndioki pamwe chete
naPauro naBhanabhasi. Vakasarudza Judhasi (ainzi Bhanabhasi) naSirasi,
varume vaviri ava vakanga vari vatungamiri pakati pehama.
[23] Vakatumira tsamba yaiti:
Vapostori navakuru, idzo hama dzenyu, kuvatendi nokune veDzimwe
Ndudzi vari muAndioki, Siria nomuSirisia:
Kwaziwai.
[24] Takanzwa kuti vamwe vakabva kwatiri vasina mvumo yedu
vakakanganisa pfungwa dzenyu nezvavakataura. [25] Saka tose takaten-
derana kuti tisarudze varume pakati pedu tigovatuma kwamuri pamwe
chete neshamwari dzedu dzinodikanwa ivo Bhanabhasi naPauro,
[26] varume vakaisa upenyu hwavo panjodzi nokuda kwezita raIshe wedu
Jesu Kristu. [27] Naizvozvo tiri kutumira Judhasi naSirasi kuti vagotsigira
namashoko omuromo wavo pane zvatanyora. [28] Zvinenge zvakanaka
kuMweya Mutsvene nesu kuti tirege kukuremedzai nomutoro upi
zvawo unopfuura zvinodikanwa izvi: [29] Munofanira kurega zvokudya
zvakabayirwa kuzvifananidzo, neropa, nenyama yemhuka dzakadzipwa
uye noupombwe. Muchaita zvakanaka kuti murege izvi.
Chisarai.

[30] Varume ava vakaenda ndokubva vaburuka vakaenda kuAndioki,
kwavakandounganidza kereke pamwe chete ndokubva vavapa tsamba.
[31] Vanhu vakaiverenga vakafara kwazvo nokuda kweshoko rayo rokuku-
rudzira. [32] Judhasi naSirasi avo vakanga vari vaprofita, vakataura
zvakawanda zvokukurudzira nokusimbisa hama. [33] Shure kwokunge
vambogara kwechinguva ikoko, vakaperekedzwa nehama namaropafadzo
orugare kuti vachidzokera havo kuna avo vakanga vavatuma. [34] Kunyange
zvakadaro, Sirasi akasarudza kusarapo. [35] Asi Pauro naBhanabhasi
vakasara muAndioki, uko ivo navamwe vazhinji vakadzidzisa uye vaka-
paridza shoko raShe.

### *Kupesana kwaPauro naBhanabhasi*

[36] Mushure mechinguva Pauro akati kuna Bhanabhasi, "Ngatimbodzok-
era timbondoshanyira hama kuna mamwe maguta atakaparidza shoko
raShe tinoona kuti vakadii zvavo." [37] Bhanabhasi akanga achida kutora
Johani, ainziwo Mako, kuti vaende pamwe chete naye, [38] asi Pauro
haana kuona zvakanaka kuti vaende naye, nokuti akanga ambovasiya
paPamufiria uye haana kuramba ainavo pabasa. [39] Vakava nokupesana
kukuru zvokuti vakaparadzana. Bhanabhasi akatora Mako akakwira
chikepe vakaenda kuSaipurasi, [40] asi Pauro akasarudza Sirasi akaenda
akakumikidzwa kunyasha dzaShe nehama. [41] Akapinda nomuSiria
nokuSirisia, achisimbisa kereke.

# 16

*Timoti anobatana naPauro naSirasi*

1 Akasvika kuDhebhe ndokuzoenda kuRistira, kwaigara mudzidzi ainzi
Timoti, uye mai vake vakanga vari muJudha, vari mutendi, asi baba
vake vakanga vari muGiriki. 2 Hama dzapaRistira neIkoniamu dza-
kanga dzichimupupurira zvakanaka. 3 Pauro akada kumutora kuti
aende naye parwendo, saka akamudzingisa nokuda kwavaJudha vaigara
munzvimbo iyoyo, nokuti vose vaiziva kuti baba vake vaiva muGiriki.
4 Pavakafamba muguta neguta, vakasvitsa mashoko akanga ataurwa nava-
postori navakuru vomuJerusarema kuti vanhu vaateerere. 5 Nokudaro
kereke dzakasimbiswa mukutenda uye dzakawedzerwa zuva rimwe
nerimwe pauwandu.

*Chiratidzo chaPauro choMurume weMasedhonia*

6 Pauro nevaaiva navo vakafamba nomumatunhu eFirigia neGara-
tia, vamborambidzwa naMweya Mutsvene kuparidza shoko mudunhu
reEzhia. 7 Vakati vasvika pamuganhu weMisia, vakaedza kupinda
muBhitinia, asi Mweya waJesu hauna kuvabvumira. 8 Saka vakapfuura
napaMisia vakadzika kuTroasi. 9 Panguva dzousiku, Pauro akaona chi-
ratidzo chomurume weMasedhonia amire achimukumbira achiti, “Yam-
bukirai kuno kuMasedhonia muzotibatsira.” 10 Shure kwokunge Pauro
aona chiratidzo, takagadzirira pakarepo kuti tibve tiende kuMasedhonia,
tagutsikana kuti Mwari akanga atidana kuti tindovaparidzira vhangeri.

*Kutendeuka kwaRidhia paFiripi*

11 Tichibva paTroasi takananga kugungwa tikakwira chikepe ndoku-
nanga kuSamotirasi, uye zuva rakatevera takasvika paNeaporisi. 12 Kubva
ipapo takaenda kuFiripi, nyika yaitongwa navaRoma uye guta guru
redunhu reMasedhonia. Uye takagara mazuva mazhinji ipapo.

13 Nomusi weSabata takabuda kunze kwesuo reguta kurwizi,
kwataitarisira kuwana nzvimbo yokunyengeterera. Takasvikogara
pasi ndokubva tatanga kutaura kumadzimai akanga akaungana ipapo.
14 Mumwe waavo vakanga vakateerera aiva mudzimai ainzi Ridhia,
aiva nebasa rokutengesa nguo dzomucheka wepepuru dzaibva kuguta
reTiatira, ainamata Mwari. Ishe akazarura mwoyo wake kuti agamuchire
mashoko aPauro. 15 Akati abhabhatidzwa iye neveimba yake, vakatikoka
kumba kwake akati, “Kana muchiona kuti ndiri mutendi muna She,
uyaiwo mugare kumba kwangu.” Akatikumbirisa tikatenda.

*Pauro naSirasi mutorongo*

16 Nerimwe zuva patakanga tichienda kunzvimbo yokunyengeter-
era, takasangana nomusikana akanga ari nhapwa akanga ane mweya
wokuvuka. Aiwanira vatenzi vake mari zhinji nokuvuka kwake.
17 Musikana uyu aitevera Pauro nesu, achidanidzira achiti, “Varume ava
varanda vaMwari Wokumusoro-soro, vari kukuudzai nzira yoruponeso.”
18 Akaramba achiita izvi kwamazuva mazhinji. Pakupedzisira Pauro
akashushikana zvikuru zvokuti akatendeuka akati kumweya uyu, “Muzita
raJesu Kristu ndinokurayira kuti ubude maari!” Nenguva yakare iyoyo
mweya wakabva maari.

19 Vatenzi vomusikana akanga ari nhapwa vakaona kuti tariro yavo
yokuita mari yakanga yapera, vakabata Pauro naSirasi vakavazvuzvu-
rudzira pachivara pamberi pavo. 20 Vakavamisa pamberi pava-
tongi vakati, “Varume ava vaJudha, uye vamutsa bope muguta redu

21 vachidzidzisa tsika dzisingabvumirwi nesu vaRoma kuti tidzigamuchire
kana kudziita."
22 Ungano yakabatana pakurwisa Pauro naSirasi, uye vatongi vakarayira
kuti nguo dzavo dzibvarurwe uye kuti varohwe. 23 Shure kwokurohwa
zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye muchengeti wetorongo akarayirwa
kuti avachengetedze kwazvo. 24 Akati agamuchira kurayira uku, akavaisa
muchitokisi chomukati akasungirira tsoka dzavo pamatanda.
25 Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga vachinyengetera uye
vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe vasungwa vakanga vakavateer-
era. 26 Pakarepo pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti nheyo
dzetorongo dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka,
uye ngetani dzavanhu vose dzakasununguka. 27 Muchengeti wetorongo
akamuka, uye paakaona masuo etorongo azaruka akavhomora munondo
wake akada kuzviuraya nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapun-
yuka. 28 Asi Pauro akadanidzira achiti, "Usazvikuvadza! Tiri muno tose!"
29 Muchengeti wetorongo akadanidzira kuti mwenje itungidzwe,
akapinda achimhanya ndokusvikowira pamberi paPauro naSirasi achid-
edera. 30 Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, "Vakuru, ndingaita sei
kuti ndiponeswe?"
31 Vakapindura vakati, "Tenda kuna She Jesu ugoponeswa, iwe neimba
yako." 32 Ipapo vakataura shoko raShe kwaari nokuna vose vakanga
vari mumba. 33 Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti wetorongo akava-
tora akashambidza maronda avo; uye pakarepo, akabhabhatidzwa iye
nemhuri yake. 34 Muchengeti wetorongo akaenda navo kumba kwake
akavagadzirira zvokudya; akazadzwa nomufaro nokuti akanga atenda
kuna Mwari, iye nemhuri yake.
35 Kwakati kwaedza, vatongi vakatuma vabati vavo kumuchengeti
wetorongo neshoko rokuti: "Sunungura varume vaya." 36 Muchengeti
wetorongo akati kuna Pauro, "Vatongi varayira kuti iwe naSirasi musu-
nungurwe. Zvino mungaenda henyu. Endai norugare."
37 Asi Pauro akati kumubati, "Vakatirova pachena tisina kutongwa,
kunyange zvedu tiri vaRoma, uye vakatiisa mutorongo. Uye zvino vava
kuda kutiregedza chinyararire here? Kwete! Ngavauye ivo vagotibudisa."
38 Vabati vakandozivisa vatongi izvozvo, uye ivo vakati vanzwa kuti
Pauro naSirasi vakanga vari vaRoma, vakatya kwazvo. 39 Vakauya ku-
zovanyengetedza ndokuvabudisa mutorongo, vachivakumbira kuti vabve
muguta. 40 Shure kwokubuda kwaPauro naSirasi mutorongo, vakaenda
kumba kwaRidhia, kwavakandosangana nehama uye vakavakurudzira.
Ipapo vakaenda havo.

# 17

*Pauro naSirasi muTesaronika*
1 Vakati vapfuura nomuAmufipori neAporonia, vakasvika muTesa-
ronika umo makanga mune sinagoge ravaJudha. 2 Setsika yake Pauro
akapinda musinagoge, akataurirana navo zvaibva muMagwaro, kwa-
maSabata matatu, 3 achitsanangura nokuvaratidza kuti Kristu aifanira
kutambudzika uye agomuka kubva kuvakafa. Akati, "Jesu uyu wandi-
nokuparidzirai ndiye Kristu." 4 Vamwe vaJudha vakatenda ndokubva
vabatana naPauro naSirasi, sezvakaitwawo navazhinji zhinji vavaGiriki
vaitya Mwari uye navakadzi vazhinji vaikudzwa.

5 Asi vaJudha vakaita godo; saka vakakokorodza vanhu vakanga vakaipa
kubva pamusika, vakaunganidza mhomho yavanhu kuti vandotanga bope
muguta. Vakamhanyira kumba kwaJasoni kundotsvaka Pauro naSirasi
vachida kuti vavabudise vavaendese kuvanhu vazhinji. 6 Asi vakati
vavashayiwa, vakakakatira Jasoni nedzimwe hama pamberi pavabati
veguta, vachidanidzira vachiti, "Vanhu vaya vakauyisa kusagadzikana
panyika yose vasvikawo kuno zvino, 7 uye Jasoni akavagamuchira mumba
make. Vose vari kumhura zvirevo zvaKesari, vachiti pano mumwe
mambo, anonzi Jesu." 8 Vakati vanzwa izvozvo, ungano uye navabati
veguta vakashushikana. 9 Ipapo vakaita kuti Jasoni navamwe varipe
rubatso ndokubva vavaregedza.

### *Pauro naSirasi paBheria*

10 Kuchangosviba, hama dzakaendesa Pauro naSirasi kuBheria. Vakati
vasvika ikoko, vakapinda musinagoge ravaJudha. 11 Zvino vaBheria
vakanga vane tsika dzakanaka kupfuura vaTesaronika, nokuti vakaga-
muchira shoko nemwoyo inodisisa uye vachinzvera Magwaro zuva rimwe
nerimwe kuti vaone kana zvairehwa naPauro zvaiva izvo. 12 VaJudha
vazhinji vakatenda, sezvakaitwawo navakadzi vaikudzwa vechiGiriki
navarume vazhinji vechiGiriki.

13 VaJudha vokuTesaronika vakati vanzwa kuti Pauro akanga
achiparidza shoko raMwari paBheria, vakaendazve ikoko, vakakurudzira
uye vakakuchidzira bope pakati pavanhu vazhinji. 14 Ipapo
hama dzakaendesa Pauro kugungwa, asi Sirasi naTimoti vakasara
paBheria. 15 Varume vakaperekedza Pauro, vakasvika naye paAtene
vachibva vadzokera vaine shoko rokuti Sirasi naTimoti vamutevere
nokukurumidza.

### *Pauro paAtene*

16 Pauro achakavamirira paAtene, akatambudzika zvikuru achiona kuti
guta rakanga rizere nezvifananidzo. 17 Saka akataurirana navaJudha
navaGiriki vaitya Mwari musinagoge, uyewo napamusika zuva rimwe
nerimwe naavo vainge varipo. 18 Boka ravakachenjera ravaEpikuro
navaStoiki rakaita nharo naye. Vamwe vavo vakabvunza vakati, "Ko,
uyu mutauri wezvisina maturo ari kuedza kuti kudii?" Vamwe vakati,
"Anenge ari kudzidzisa nezvavamwari vokumwe." Vakareva izvi nokuti
Pauro akanga achiparidza mashoko akanaka ezvaJesu uye nezvokumuka
kwavakafa. 19 Ipapo vakamutora vakaenda naye kumusangano weAreopa-
gasi, vakati kwaari, "Tinoda kuziva kuti dzidziso itsva iyi yauri kudzidzisa
ndeyei? 20 Uri kuunza pfungwa itsva kunzeve dzedu, uye tinoda kuziva
kuti dzinorevei." 21 (VaAtene vose navatorwa vaigara ipapo vaipedza
nguva yavo vasina chimwe chavanoita kunze kwokungotaura nokuteerera
pfungwa itsva).

22 Ipapo Pauro akasimuka mumusangano weAreopagasi akati, "Varume
veAtene! Ndinoona kuti panzira dzose muri vanhu vechitendero zvikuru.
23 Nokuti ndakati ndichifamba-famba uye ndikanyatsotarisisa zvinhu
zvamunonamata, ndakaonawo aritari yakanyorwa kunzi: KUNA MWARI
ASINGAZIVIKANWI. Zvino chamunonamata sechinhu chisingazivikanwi
ndicho chandinokuparidzirai.

24 "Mwari akasika nyika nezvinhu zvose zviri mairi ndiye Ishe wedenga
napasi uye haagari mutemberi dzakavakwa namaoko. 25 Iye haashumirwi
namaoko avanhu, sokunge anoshayiwa chinhu, nokuti iye amene anopa

vanhu vose upenyu nokufema, nezvimwewo zvinhu. 26 Kubva pamunhu
mumwe chete akaita ndudzi dzose dzavanhu, kuti vagare panyika yose;
uye akavatarira nguva nenzvimbo dzavo chaidzo dzavangagara. 27 Mwari
akaita izvi kuitira kuti vanhu vagomutsvaka kuti zvimwe vangamuwana,
kunyange zvake asiri kure nomumwe nomumwe wedu. 28 'Nokuti maari
ndimo matinorarama nomatinofamba, uye ndimo matigere.' Sezvakare-
hwa navamwe vadetembi vokwenyu vachiti, 'Tiri chibereko chake.'

29 "Naizvozvo sezvo tiri chibereko chaMwari, hatifaniri kufunga kuti
umwari hwakaita segoridhe kana sirivha kana ibwe, chifananidzo
chakavezwa noumhizha hwomunhu. 30 Mwari akarega hake kurangarira
nguva dzakare dzokusaziva kwakadai, asi zvino anorayira vanhu vose
kwose kwose kuti vatendeuke. 31 Nokuti akatara zuva raachatonga nyika
nokururamisira nomurume waakagadza. Akaratidza izvi kuvanhu vose
nokumumutsa kubva kuvakafa."

32 Vakati vanzwa nezvokumuka kwavakafa, vamwe vakaseka, asi
vamwe vakati, "Tinoda kuzokunzwazve pamusoro peshoko iri."
33 Nokudaro, Pauro akabva paungano iyi. 34 Varume vashoma vakava
vateveri vaPauro uye vakatenda. Pakati pavo paiva naDhionisiasi, nhengo
yeAreopagasi nomukadzi ainzi Dhamarisi, uye navamwewo.

# 18

### *Pauro paKorinde*

1 Shure kwaizvozvo, Pauro akabva paAtene akaenda kuKorinde. 2 Ikoko
akandosangana nomuJudha ainzi Akwira chizvarwa chePondasi, akanga
achangobva kuItari nomukadzi wake Pirisira, nokuti Kiraudhiyo akanga
arayira kuti vaJudha vose vabve muRoma. Pauro akaenda kundomuona,
3 uye sezvo akanga ari mugadziri wamatende saivo, akagara navo achis-
handa pamwe chete navo. 4 Sabata rimwe nerimwe akanga achitaurirana
navo musinagoge, achiedza kugombedzera vaJudha navaGiriki.

5 Sirasi naTimoti vakati vasvika vachibva kuMasedhonia, Pauro
akazvipira kuti aparidze chete, achipupura kuvaJudha kuti Jesu ndiye
Kristu. 6 Asi vaJudha vakati vapikisana naPauro uye vachimutuka,
akazunza nguo dzake asingafari akati kwavari, "Ropa renyu ngarive
pamisoro yenyu! Ini ndakachena pabasa rangu. Kubva zvino ndichaenda
kune veDzimwe Ndudzi."

7 Ipapo Pauro akabuda musinagoge akaenda kumba kwaTitiasi Jastasi
munhu ainamata Mwari. 8 Krispasi mukuru wesinagoge, neimba yake
yose vakatenda kuna She; uye vazhinji vavaKorinde vakamunzwa vaka-
tenda uye vakabhabhatidzwa.

9 Humwe usiku Ishe akataura naPauro muchiratidzo akati, "Usatya;
ramba uchingotaura, usanyarara. 10 Nokuti ndinewe, uye hakuna munhu
achakurwisa akakukuvadza, nokuti ndina vanhu vazhinji muguta rino."
11 Saka Pauro akagaramo kwegore nemwedzi mitanhatu, achivadzidzisa
shoko raMwari.

12 Panguva iyo Gario akanga ari mubati weAkaya, vaJudha vakabatana
mukurwisa Pauro uye vakauya naye kudare redzimhosva. 13 Vakati,
"Munhu uyu, ari kugombedzera vanhu kuti vanamate Mwari nenzira
inopesana nomurayiro."

14 Pauro akati oda kutaura, Gario akati kuvaJudha, "Kana imi va-
Judha manga muchinyunyuta pamusoro pemhosva yezvisakarurama kana
kutadza kwakaipisisa, zvainge zviri nyore kwandiri kuti ndikuteererei.

15 Asi sezvo ichingova mibvunzo pamusoro pamashoko namazita uye
nezvomurayiro wenyu, gadzirisanai pachenyu. Ini handidi kutonga nyaya
dzakadai." 16 Saka akaita kuti vadzingwe kubva mudare remhosva.
17 Ipapo vose vakatendeukira kuna Sosteni mukuru wesinagoge vaka-
murova pamberi pedare. Asi Gario haana kumbova nehanya nazvo.

### *Pirisira, Akwira naAporosi*

18 Pauro akaramba ari muKorinde kwamazuva mazhinji. Ipapo ak-
abva pahama ndokuenda nechikepe kuSiria, achiperekedzwa naPirisira
naAkwira. Asati akwira chikepe, akaveura bvudzi rake paKenikireya
nokuda kwemhiko yaakanga aita. 19 Vakasvika paEfeso, Pauro akasiya
Pirisira naAkwira ipapo. Iye pachake akapinda musinagoge akataurirana
navaJudha. 20 Vakati vamukumbira kuti agare navo nguva refu, iye
akaramba. 21 Asi paakabva, akavimbisa achiti, "Ndichadzokazve kana
Mwari achida." Ipapo akakwira chikepe kubva kuEfeso. 22 Akati aburuka
paKesaria, akakwidza akandokwazisa kereke ipapo ndokubva aburuka
oenda kuAndioki.

23 Shure kwokunge ambogara muAndioki kwechinguva, Pauro akabvapo
akaenda achishanya munzvimbo nenzvimbo, akapinda nomumatunhu
eGaratia neFirigia, achisimbisa vadzidzi vose.

24 Zvichakadaro, mumwe muJudha ainzi Aporosi, chizvarwa cheArek-
izandiria, akasvika kuEfeso. Akanga ari murume akadzidza, aino ruzivo
rwaMagwaro chaizvo. 25 Akanga akadzidziswa nzira yaShe, uye aitaura
nesimba guru achinyatsodzidzisa nezvaJesu, kunyange zvake aingoziva
nezvorubhabhatidzo rwaJohani. 26 Akatanga kutaura musinagoge asin-
gatyi. Pirisira naAkwira vakati vamunzwa, vakamukoka kumba kwavo
vakamutsanangurira nzira yaMwari zvizere.

27 Aporosi akati oda kuenda kuAkaya, hama dzakamukurudzira ndoku-
munyorera tsamba yokuti vadzidzi vaikoko vamugamuchire. Paakasvika
akabatsira kwazvo avo vakanga vatenda nenyasha. 28 Nokuti pakutauri-
rana, akapikisa vaJudha zvine simba pamberi pavanhu, achiratidza kubva
muMagwaro kuti Jesu ndiye Kristu.

## 19

### *Pauro paEfeso*

1 Aporosi paakanga achiri paKorinde, Pauro akafamba nomugwagwa
wakanga uchipinda nomukati menyika akasvika paEfeso. Akawana
vamwe vadzidzi ipapo 2 akavabvunza akati, "Makagamuchira Mweya
Mutsvene here pamakatenda?"

Vakapindura vakati, "Kwete, hatina kutongonzwa kuti kune Mweya
Mutsvene isu."

3 Saka Pauro akavabvunza akati, "Zvino makagamuchira rubhabhatidzo
rupi?"

Vakapindura vakati, "Rubhabhatidzo rwaJohani."

4 Pauro akati, "Rubhabhatidzo rwaJohani rwaiva rubhabhatidzo rwoku-
tendeuka. Akaudza vanhu kuti vatende kuna iye aizouya mumashure
make, iye Jesu." 5 Vakati vanzwa izvi, vakabhabhatidzwa muzita raIshe
Jesu. 6 Pauro akati aisa maoko ake pamusoro pavo, Mweya Mutsvene
wakauya pamusoro pavo, uye vakataura nendimi vakaprofita. 7 Vakanga
vari varume vanenge gumi navaviri vose.

[8] Pauro akapinda musinagoge akataura asingatyi imomo kwemwedzi
mitatu, achikakavadzana navo zvinyoronyoro pamusoro poumambo
hwaMwari. [9] Asi vamwe vavo vakaomesa mwoyo yavo; vakaramba
kutenda uye vakatsoropodza Nzira iyo pamberi pavanhu. Saka Pauro
akabva pavari. Akatora vadzidzi akaenda navo akandoita hurukuro
navo zuva nezuva pachikoro chaTirano. [10] Izvi zvakaramba zvichiitwa
kwamakore maviri, zvokuti vaJudha vose navaGiriki vaigara munyika
yeEzhia vakanzwa shoko raShe.

[11] Mwari akaita mabasa anoshamisa kubudikidza naPauro, [12] zvokuti
kunyange nehangachepfu namaapuroni akanga ari pamuviri wake
zvakaendeswa kuvarwere, zvirwere zvavo zvikaporeswa uye mweya
yakaipa ikabva pavari.

[13] Vamwe vaJudha vaifamba vachidzinga mweya yakaipa vakaedza
kudana zita raJesu pamusoro paavo vakanga vakabatwa namadhimoni
vachiti, "Muzita raJesu, anoparidzwa naPauro, ndinokurayira kuti ubude."
[14] Vanakomana vanomwe vaSikevha muprista mukuru wavaJudha,
vakanga vachiita izvozvo. [15] Rimwe zuva mweya wakaipa wakavapindura
ukati, "Jesu ndinomuziva, uye ndinoziva nezvaPauro, asi imi ndimi
vanaaniko?" [16] Ipapo murume akanga ane mweya wakaipa akasvetukira
pavari akavakurira vose. Akavarova zvokuti vakamhanya vachibuda
mumba vasina kupfeka uye vachibuda ropa.

[17] Izvi zvakati zvazivikanwa navaJudha navaGiriki vaigara muEfeso,
vose vakabatwa nokutya, uye zita raIshe Jesu rakakudzwa nokukudzwa
kukuru. [18] Zvino vazhinji vavakanga vatenda vakauya vakareurura
pachena mabasa avo akanga akaipa. [19] Vazhinji vakanga vachiita
zvoun'anga vakaunganidza mabhuku avo pamwe chete vakaapisa pam-
beri pavanhu. Vakati vaverenga mutengo wamabhuku acho, mari ikasvika
madhirakema zviuru makumi mashanu*. [20] Nenzira iyi shoko raMwari
rakapararira kwazvo uye rikakura musimba.

[21] Shure kwokunge zvose izvi zvaitika, Pauro akafunga zvokuenda
kuJerusarema achipfuura nokuMasedhonia, nokuAkaya achiti, "Kana
ndambosvika ikoko, ndinofanira kushanyirawo Roma." [22] Akatuma
vabatsiri vake vaviri, Timoti naErastasi, kuMasedhonia, iye achimbosara
munyika yeEzhia kwechinguva.

### *Bope muEfeso*

[23] Nenguva yakaita saiyoyo bope guru rakamuka pamusoro peNzira iyi.
[24] Mumwe mupfuri wesirivha ainzi Dhemetiri akanga achigadzira zvitem-
beri zvesirivha zvaAritemisi, zvakanga zvichipfumisa zvikuru mhizha
dzavo. [25] Akavaunganidza vose, pamwe chete navabati vaishanda mabasa
akadaro, akati kwavari, "Varume, imi munoziva kuti takanga tichiwana
pfuma yakanaka nebasa iri. [26] Zvino munozvionawo nokuzvinzwira kuti
murume uyu Pauro akadzidzisa uye akatsausa vanhu vazhinji muno
muEfeso, uye zviri pachena kuti nomunyika yose yeEzhia zvayo, anoti
vamwari vakaitwa navanhu havasi vamwari chaivo. [27] Zvino njodzi
iripo ndeyokuti harizi basa redu bedzi richarasikirwa nembiri yaro,
asiwo temberi yamwari wedu mukuru, Aritemisi, ichazvidzwa uye iye
mwarikadzi pachake, anova ndiye ari kunamatwa munyika yose yeEzhia
uye nenyika yose, achatorerwa ukuru hwake."

* **19:19** 19:19 dhirakema ndiro raiva mubayiro wokushanda kwezuva rose

28 Vakati vanzwa izvi, vakashatirwa vakatanga kudanidzira vachiti,
"Mukuru ndiAritemisi wavaEfeso!" 29 Pakarepo guta rose rakanyongan-
iswa. Vanhu vakabata Gayo naAristakusi, shamwari dzaPauro dzaaifamba
nadzo dzaibva kuMasedhonia, vakamhanya navo nomwoyo mumwe
vakapinda navo munhandare. 30 Pauro akanga achida kuzviratidza pam-
beri pemhomho, asi vadzidzi vakamudzivisa. 31 Kunyange vamwe vakuru
veEzhia, shamwari dzaPauro, vakamutumira shoko vachimukumbirisa
kuti arege kuedza kupinda munhandare.
32 Ungano yakanga yanyonganiswa: vamwe vaidaidzira chimwe chinhu,
vamwe chimwe. Vazhinji vavanhu vakanga vasingatongozivi kuti sei
vakanga varipo. 33 VaJudha vakasundidzira Arekizanda mberi, uye vamwe
vazhinji vaidanidzira vachimurayira zvokuita. Akaninira vanhu kuti
vanyarare kuitira kuti agone kuzvidavirira pamberi pavanhu. 34 Asi
pavakaona kuti iye aiva muJudha, vose vakadanidzira pamwe chete kwen-
guva dzinenge maawa maviri vachiti, "Mukuru ndiAritemisi wavaEfeso!"
35 Munyori weguta akanyaradza vanhu akati, "Varume veEfeso, ko,
nyika yose haizivi here kuti guta reEfeso ndiro rinochengeta temberi
yaAritemisi mukuru nomufananidzo wake, uyo wakawa uchibva ku-
denga? 36 Naizvozvo, sezvo izvi zvisingagoni kurambika, munofanira
kuti munyarare murege kumhanyira kuita chinhu. 37 Mauya navarume
ava pano, kunyange zvavo vasina kuba temberi dzedu kana kumhura
mwarikadzi wedu. 38 Zvino, kana Dhemetiri nedzimwe mhizha dzaanadzo
vakange vane mhosva naani zvake, matare edzimhosva akazarurwa uye
vatongi varimo. Vanogona kuvakwirira havo. 39 Kana pane chimwe
chinhuzve chamungada kutaura, chinofanira kutaurwa paungano iri
pamutemo. 40 Asi sezvazviri izvi, tiri panjodzi yokuti tingangopiwa
mhosva yokumutsa bongozozo nokuda kwezvaitika nhasi. Kana pane
chimwezve chamungada kutaura, chinofanira kutaurwa paungano iri
pamutemo." 41 Akati ataura izvi, akarayira kuti ungano iparare.

# 20

### *Pauro anoenda kuMasedhonia nokuGirisi*

1 Bope rakati rapera, Pauro akadana vadzidzi, uye shure kwoku-
vakurudzira, akaonekana navo akasimuka akaenda kuMasedhonia.
2 Akafamba nomumatunhu ayo, achitaura mashoko mazhinji okuku-
rudzira vanhu, uye pakupedzisira akazosvika kuGirisi, 3 uko kwaakandog-
ara kwemwedzi mitatu. Nokuda kwokuti vaJudha vakanga vaita rangano
yakaipa pamusoro pake paakanga oda kukwira chikepe kuti aende kuSiria,
akafunga kudzokerazve nokuMasedhonia. 4 Akaperekedzwa naSopata
mwanakomana waPirasi wokuBheria, navanaAristakusi naSekundo,
vaibva kuTesaronika, naGayo wokuDhebhe, naTimotiwo uye Tikikasi
naTirofimasi vaibva mudunhu reEzhia. 5 Varume ava vakatungamira
vakandotimirira paTroasi. 6 Asi takazokwira chikepe kubva kuFiripi
shure kwoMutambo weZvingwa Zvisina Mbiriso, uye shure kwamazuva
mashanu takazobatana navamwe paTroasi, apo patakazogara kwamazuva
manomwe.

### *Yutiko anomutswa kubva kuvakafa paTroasi*

7 Nomusi wokutanga wevhiki takaungana pamwe chete kuti time-
dure chingwa. Pauro akataura kuvanhu uye, nokuda kwokuti akanga
achida kuenda pazuva raitevera, akaramba achingotaura kusvikira pakati

pousiku. 8 Makanga mune mwenje mizhinji muimba yapamusoro
matakanga tichisangana. 9 Pawindo pakanga pagere jaya rainzi Yutiko,
uyo akanga abatwa nehope chaizvo sezvo Pauro akanga achingoramba
achitaura. Paakanga anyatsobatwa nehope akawira pasi achibva paimba
yechitatu yapamusoro akazonongwa afa. 10 Pauro akaburuka akasvikozvi-
wisira pamusoro pejaya akamugumbatira mumaoko ake. Akati, "Musatya,
mupenyu!" 11 Ipapo akakwirazve paimba yapamusoro akamedura
chingwa akadya. Shure kwokutaura navo kusvikira kwaedza, akazoenda
hake. 12 Vanhu vakatora mujaya uya vakaenda naye kumusha ari
mupenyu uye vakanyaradzwa zvikuru.

### *Pauro anoonekana naVakuru veEfeso*

13 Isu takatungamira nechikepe tikaenda kuAsosi, uko Pauro aizok-
wirawo chikepe. Akanga aronga izvi nokuti akanga achizoenda ikoko
netsoka. 14 Paakasangana nesu paAsosi, takamukwidza tikapfuurira
kuMitirene. 15 Fume mangwana takamukapo nechikepe tikandosvika
pakatarisana neKiyosi. Zuva rakatevera iroro takayambuka tikasvika
kuSamosi, uye zuva rakatevera takasvika paMiretasi. 16 Pauro akanga
afunga zvokupfuura napaEfeso nechikepe achiitira kuti vasapedza nguva
vari munyika yeEzhia nokuti akanga achimhanyira kusvika kuJerusarema,
kana zvaibvira, nezuva rePendekosti.

17 Pauro ari paMiretasi, akatumira shoko kuEfeso kundodana vakuru
vekereke. 18 Vakati vasvika, akati kwavari, "Imi munoziva kuti ndaka-
gara sei nemi panguva yose yandaiva nemi, kubvira pazuva rokutanga
randakasvika munyika yeEzhia. 19 Ndakashumira Ishe nokuzvininip-
isa zvikuru uye nemisodzi, kunyange ndakaedzwa zvikuru nerangano
dzavaJudha. 20 Munozviziva kuti handina kuzeza kuparidza kana chinhu
chaizokubatsirai imi, asi ndakakudzidzisai pachena uye muimba neimba.
21 Ndakapupura kuna vose vaJudha navaGiriki kuti vanofanira kudzokera
kuna Mwari vagotendeuka uye vagotenda kuna Ishe Jesu.

22 "Zvino ndamanikidzwa noMweya, ndiri kuenda kuJerusarema,
ndisingazivi hangu zvichaitika kwandiri. 23 Chandinongoziva ndechokuti
muguta rimwe nerimwe Mweya Mutsvene anondiyambira kuti kusungwa
nokutambudzika zvakandirindira. 24 Zvisinei hazvo, ini handioni upenyu
hwangu sechinhu chinokosha, dai bedzi ndapedza nhangemutange yangu
uye ndapedzisa basa randakapiwa naIshe Jesu, basa rokupupura vhangeri
renyasha dzaMwari.

25 "Zvino ndinoziva kuti hakuna pakati penyu imi vandakafamba navo
ndichiparidza vhangeri roushe achazondionazve. 26 Naizvozvo ndino-
taura kwamuri nhasi kuti handina mhosva yeropa ravanhu vose. 27 Nokuti
handina kuzeza kukuparidzirai kuda kwose kwaMwari. 28 Zvichenjererei
imi pachenyu neboka rose ramakaitwa vatariri varo naMweya Mutsvene.
Fudzai kereke yaMwari, yaakatenga neropa rake pachake. 29 Ndinoziva
kuti kana ndabva, mapere achapinda pakati penyu asingaregi boka.
30 Kunyange pakati penyu iyemi vanhu vachamuka vachiminamisa
chokwadi vachiitira kuti vatape vadzidzi kuti vavatevere. 31 Saka
rindai! Rangarirai kuti makore matatu handina kumborega kukuyambirai
mumwe nomumwe wenyu, usiku namasikati nemisodzi.

32 "Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake, iro rinog-
ona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati paavo vakaitwa vatsvene.
33 Handina kumbochiva sirivha yomunhu kana goridhe kana nguo

yomunhu. 34 Imi munoziva pachenyu kuti maoko angu aya akabatira
kushayiwa kwangu nokushayiwa kwavandaiva navo. 35 Mune zvose
zvandakaita, ndakakuratidzai kuti namabatiro akaoma aya, tinofanira kubatsira vasina simba, tichirangarira mashoko aShe Jesu pachake paakati, 'Kupa kwakaropafadzwa kupfuura kugamuchira.' "

36 Akati ataura izvi, akapfugama pamwe chete navo vose uye
vakanyengetera. 37 Vose vakachema pavakamumbundikira uye vaka-
mutsvoda. 38 Zvakanyanya kuvarwadza mashoko aakataura achiti havaizoona chiso chakezve. Ipapo vakamuperekedza kuchikepe.

# 21

*Pauro anoenda kuJerusarema*

1 Shure kwokuparadzana kwedu navo, takaenda kugungwa tikandokwira chikepe tikananga kuKosi. Zuva rakatevera takaenda kuRhodzi
uye tichibva ikoko takaenda kuPatara. 2 Takawana chikepe chaiyam-
buka chichienda kuFonisia, tikakwira machiri tikaenda. 3 Takati
taona Saipurasi takaipfuura nechezasi kwayo, tikaenda kuSiria. Takandoburuka chikepe paTire, paiburutsa chikepe chedu nhumbi dzacho.
4 Takati tawana vadzidzi ipapo, takagara navo kwamazuva manomwe. Vakakumbirisa Pauro kubudikidza noMweya kuti arege kuenda ku-
Jerusarema. 5 Asi nguva yedu yakati yapera, takabvapo tikaenderera mberi norwendo rwedu. Vadzidzi vose pamwe chete navakadzi vavo navana vakatiperekedza vakatisiya tava kunze kweguta, uye pama-
hombekombe ipapo takapfugama tikanyengetera. 6 Shure kwokuonekana
kwedu, takabva taenda kundokwira chikepe, ivo vakadzokera kumusha kwavo.

7 Takapfuurira mberi norwendo rwedu tichibva kuTire tikandoburuka chikepe paToremai, patakakwazisana nehama tikagara zuva rimwe chete
navo. 8 Zuva rakatevera takabvapo, tikandosvika kuKesaria tikandogara
pamba pomuvhangeri Firipi, mumwe wavaya vanomwe. 9 Akanga ana
vanasikana vana vakanga vasati vawanikwa vaiprofita.

10 Shure kwokugara kwedu ipapo kwamazuva akati kuti, muprofita
ainzi Agabhusi akasvika achibva kuJudhea. 11 Asvika kwatiri, akatora bhanhire raPauro, akabva azvisunga makumbo namaoko ake naro akati, "Mweya Mutsvene anoti, 'Nenzira imwe chete iyoyi, vaJudha vokuJerusarema vachasunga muridzi webhanhire vagomuisa mumaoko eveDzimwe Ndudzi.' "

12 Takati tanzwa izvi, isu navanhu voko takakumbirisa Pauro kuti
arege kukwidza kuJerusarema. 13 Ipapo Pauro akapindura akati, "Seiko muchichema uye muchirwadzisa mwoyo wangu? Ini ndakagadzirira kwete kusungwa kwoga, asi kufawo muJerusarema nokuda kwezita raIshe
Jesu." 14 Paakaramba kudziviswa, isu takamurega tikati, "Kuda kwaShe ngakuitwe."

15 Shure kwaizvozvo takagadzirira tikakwidza kuJerusarema. 16 Vamwe
vadzidzi vokuKesaria vakatiperekedza vakatisvitsa kuimba yaMunasoni, uko kwataifanira kundogara. Akanga ari murume aibva kuSaipurasi uye ari mumwe wavadzidzi vokutanga.

*Kusvika kwaPauro paJerusarema*

17 Takati tasvika paJerusarema, hama dzakatigamuchira nomufaro.
18 Zuva rakatevera Pauro nesu tose takaenda kundoona Jakobho, uye

vakuru vose vaivapo. 19 Pauro akavakwazisa uye akanyatsovarondedzera
zvakanga zvaitwa naMwari pakati pavaHedheni kubudikidza noushumiri
hwake.

20 Vakati vanzwa izvi, vakarumbidza Mwari. Ipapo vakati kuna Pauro,
“Unoona, hama, kune zviuru nezviuru zvavaJudha vakatenda, uye vose
zvavo vanoshingairira murayiro. 21 Vakaudzwa kuti iwe unodzidzisa
vaJudha vose vagere pakati peveDzimwe Ndudzi kuti vatsauke kubva kuna
Mozisi, uchivaudza kuti varege kudzingisa vana vavo kana kuchengeta
tsika dzedu. 22 Zvino toita seiko? Vachanzwa zvirokwazvo kuti wauya,
23 saka iwe chiita zvatinokuudza zvino. Tina varume vana pano
vakaita mhiko. 24 Tora varume ava, ubatane navo pakuzvinatsa kwavo,
uye iwe ugovaripira kuti vaveurwe misoro yavo. Ipapo munhu wose
achaziva kuti hapana chokwadi pane zviri kurehwa pamusoro pako, asi
kuti iwe pachako unoteerera murayiro. 25 Kana vari vatendi vokune
veDzimwe Ndudzi, takavanyorera pane zvatakatema kuti varege kudya
zvakabayirwa kuzvifananidzo, uye ropa, nenyama yemhuka dzakadzipwa
uye varege upombwe.”

26 Zuva rakatevera Pauro akatora varume vaya uye akazvinatsa pamwe
chete navo. Ipapo akaenda kutemberi kundozivisa kupera kwamazuva
okuzvinatsa uye kuti chipiriso chaizoitirwa mumwe nomumwe wavo
rinhi.

### *Pauro anosungwa*

27 Mazuva manomwe akati oda kupera, vamwe vaJudha vaibva kuEzhia
vakaona Pauro patemberi. Vakamutsa vanhu vazhinji uye vakamubata,
28 vachishevedzera vachiti, “Varume veIsraeri, tibatsirei! Uyu ndiye
murume anodzidzisa vanhu kwose kwose zvinopesana navanhu vokwedu,
murayiro wedu uye nenzvimbo ino. Zvisati zviri izvozvo zvoga, akap-
inza vaGiriki muruvanze rwetemberi akasvibisa nzvimbo iyi tsvene.”
29 (Nokuti vakanga vamboona Tirofimasi muEfeso ari muguta pamwe
chete naPauro vakafunga kuti Pauro akanga apinda naye mutemberi.)

30 Guta rose rakamutswa, uye vanhu vakauya vachimhanya vachibva
kumativi ose. Vakabata Pauro, vakamukwevera kunze kwetemberi,
pakarepo masuo akazarirwa. 31 Pavakanga vachiedza kumuuraya,
shoko rakasvika kumukuru wehondo yeuto ravaRoma richiti guta rose
reJerusarema rakanga raita bope. 32 Pakarepo akatora mamwe machinda
navarwi akamhanyira kuvanhu. Vaiti vebongozozo vakati vachiona
mukuru wamauto ana varwi vake, vakabva varega kurova Pauro.

33 Mukuru wamauto akauya akasunga Pauro uye akarayira kuti
asungwe nengetani mbiri. Ipapo akamubvunza kuti akanga ari ani
uye kuti akanga aitei. 34 Vamwe vaiva pakati pavanhu vazhinji ava
vakadanidzira, mumwe ichi, mumwe icho, uye sezvo mukuru wa-
mauto akanga asingagoni kusvika pachokwadi chenyaya nokuda kwe-
bope, akarayira kuti Pauro aiswe kudzimba dzavarwi. 35 Pauro akati
asvika pamatanho, bongozozo ravanhu rakanga rakurisa zvokuti akaita
zvokutotakurwa navarwi. 36 Vanhu vazhinji vaimutevera vakaramba
vachidanidzira vachiti, “Ngaaurayiwe!”

### *Pauro anotaura kuvanhu*

37 Varwi pavakanga vava kuda kupinza Pauro mudzimba dzavarwi,
akakumbira mukuru wavarwi akati, “Ndingataurawo nemi here?”

Iye akati, “Unotaura chiGiriki here? 38 Ko, hauzi uya muIjipita
akamutsa bope, akatungamirira zviuru zvina zvavapanduki mugwenga
nguva dzakapfuura here?”

39 Pauro akapindura akati, “Ini ndiri muJudha anobva kuTasasi
kuSirisia, munhu weguta rakakurumbira. Ndapota regai nditaure ku-
vanhu.”

40 Akati apiwa mvumo nomukuru wavarwi, Pauro akamira pamatanho
akaninira vanhu noruoko rwake. Uye vakati vanyarara vose, akati
kwavari nechiHebheru:

# 22

1 “Hama nemi madzibaba, teererai kuzvidavirira kwangu zvino.”
2 Pavakanzwa achitaura kwavari nechiHebheru, vakanyanya kunyarara.

Ipapo Pauro akati, 3 “Ini ndiri muJudha, akaberekerwa kuTasasi
yeSirisia, asi ndakarerwa muguta rino. Pasi paGamarieri ndakanyat-
sodzidziswa mutemo wamadzibaba edu uye ndakanga ndichishingairira
Mwari sezvamunoita imi nhasi. 4 Ndakatambudza vateveri veNzira
iyi kusvikira pakufa kwavo, ndichisunga zvose varume navakadzi
ndichivaisa mutorongo, 5 sezvandingapupurirwawo nomuprista mukuru
namakurukota ose. Ndakapiwa matsamba aibva kwavari okuenda nawo
kuhama dzavo dzaiva muDhamasiko, ndikaenda ikoko kuti ndinouya
navanhu ava kuJerusarema savasungwa kuti vazorangwa.

6 “Nenguva dzinenge dzamasikati pandakanga ndoswedera pedyo
neDhamasiko, pakarepo chiedza chakabva kudenga chikandipenyera
kumativi ose. 7 Ndakawira pasi ndikanzwa inzwi richiti kwandiri, ‘Sauro!
Sauro! Unonditambudzireiko?’

8 “Ndakati, ‘Ndimi aniko, Ishe?’

“Iye akati, ‘Ndini Jesu weNazareta, wauri kutambudza.’ 9 Shamwari
dzangu dzakaona chiedza, asi hadzina kunzwa inzwi raiye akanga
achitaura neni.

10 “Ndakabvunza ndikati, ‘Munoda kuti ndiiteiko Ishe?’

“Ishe akati, ‘Simuka, upinde muDhamasiko. Imomo ndimo mauchan-
doudzwa zvose zvawakatarirwa kuti uite.’ 11 Shamwari dzangu dzakan-
disesedza pakupinda kwangu muDhamasiko, nokuti kuvaima kwechiedza
kwakanga kwandipofumadza.

12 “Murume ainzi Ananiasi akauya kuzondiona. Akanga akazvipira
pakunamata Mwari nokucherechedza murayiro uye aikudzwa zvikuru
navaJudha vose vaigaramo. 13 Akamira neni akati, ‘Hama Pauro, chiona!’
uye nenguva yakare iyoyo ndakakwanisa kumuona.

14 “Ipapo akati, ‘Mwari wamadzibaba edu akusarudza iwe kuti uzive
kuda kwake uone Iye Akarurama uye unzwe mashoko anobva mumuromo
make. 15 Uchava chapupu chake kuvanhu vose, chezvawakaona nez-
vawakanzwa. 16 Saka zvino wakamirireiko? Simuka ubhabhatidzwe
usukwe zvivi zvako, udane kuzita rake.’

17 “Pandakadzokera kuJerusarema, uye ndichinyengetera ndiri mutem-
beri, ndakabatwa nomweya 18 ndikaona Ishe achitaura kwandiri achiti,
‘Kurumidza kubva muJerusarema izvozvi, nokuti vanhu havangaga-
muchiri uchapupu hwako.’

19 “Ndakapindura ndikati, ‘Ishe, vanhu ava vanoziva kuti ndakanga
ndichienda musinagoge rimwe nerimwe kuti ndinosunga uye ndirove
vaya vaitenda kwamuri. 20 Uye pavakateura ropa raSitefani chapupu

chenyu, ndakanga ndimirepo ndichitenderana nazvo uye ndakachengeta
nhumbi dzaivo vaimuuraya.'
21 "Ipapo Ishe akati kwandiri, 'Enda, nokuti ndichakutuma kure kune
veDzimwe Ndudzi.' "

*Pauro muRoma*

22 Vanhu vakamuteerera kusvikira ataura izvi. Ipapo vakadanidzira
vachiti, "Mubvisei panyika! Haafaniri kurarama!"
23 Pavakanga vachiita mheremhere vachikanda nguo dzavo pasi, uye
vachikushira ivhu mudenga, 24 mukuru wavarwi akarayira kuti Pauro
aendeswe kudzimba dzavarwi. Akarayira kuti arohwe uye abvunzwe
kuitira kuti vazive kuti nemhaka yei vanhu vakanga vachimupopotera
kudai. 25 Pavakamusunga kuti vamurove, Pauro akati kumukuru wezana
akanga amirepo, "Munotenderwa here nomutemo kuti murove muRoma,
asina kana kutombowanikwa ane mhosva?"
26 Mukuru wezana akati anzwa izvi, akaenda kumukuru wavarwi
akandomuzivisa izvozvo, akati, "Muchaita seiko zvino? Munhu uyu
muRoma."
27 Mukuru wavarwi akaenda kuna Pauro akati, "Nditaurire, uri muRoma
here iwe?"
Akapindura akati, "Hongu, ndiri muRoma."
28 Mukuru wehondo akati, "Ini ndakaita zvokutenga nomutengo mukuru
kuti ndive muRoma."
Pauro akati, "Ini ndakaberekwa ndiri muRoma."
29 Vaya vakanga voda kumubvunza vakabva varega pakarepo. Mukuru
wamauto pachake akatya paakaona kuti akanga asunga Pauro, muRoma,
nengetani.

*Pauro pamberi peDare Guru ravaJudha*

30 Zuva rakatevera, sezvo mukuru wavarwi aida kuziva chaizvoizvo
kuti sei Pauro akanga achipomerwa mhosva navaJudha, akamusunungura
akarayira kuti vaprista vakuru neDare Guru ravaJudha vaungane. Ipapo
akatora Pauro akamumisa pamberi pavo.

# 23

1 Pauro akatarisisa kuDare Guru ravaJudha akati kwavari, "Hama
dzangu, ini ndakaita basa rangu kuna Mwari nehana yakanaka kusvikira
zuva ranhasi." 2 Ipapo muprista mukuru ainzi Ananiasi akarayira vaya
vakanga vamire pedyo naye kuti vamurove pamuromo. 3 Ipapo Pauro
akati kwaari, "Mwari achakurova, iwe chidziro chakacheneswa nependi!
Ugere ipapo kuti unditonge maererano nomurayiro, asi iwe pachako
unodarika murayiro nokurayira kuti ndirohwe!"
4 Vaya vakanga vamire pedyo naPauro vakati, "Iwe uri kutotuka
muprista mukuru waMwari nhai?"
5 Pauro akapindura akati, "Hama dzangu, ndanga ndisingazivi kuti
ndiye muprista mukuru; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: 'Usataura
zvakaipa pamusoro pomubati wavanhu vako.' "
6 Ipapo Pauro, achiziva kuti vamwe vavo vakanga vari vaSadhusi uye
kuti vamwe vakanga vari vaFarisi, akadanidzira kuDare Guru akati,
"Hama dzangu, ini ndiri muFarisi, mwanakomana womuFarisi. Ndimire
pano ndichitongwa nokuda kwetariro yangu yokumuka kwavakafa."
7 Akati ataura izvozvo, nharo dzakamuka pakati pavaFarisi navaSadhusi,
nokudaro ungano yakapesana. 8 VaSadhusi vanoti hakuna kumuka

kwavakafa, uye kuti hakuna mutumwa kana mweya, asi vaFarisi vanotenda izvozvo zvose.
9 Pakava nebope guru, uye vamwe vadzidzisi vomurayiro vainge vari
vaFarisi vakasimuka vakaita nharo zvikuru. Vakati, "Hatina chakaipa
chatinoona pamunhu uyu. Ko, kana ari mweya kana mutumwa akataura
kwaari?" 10 Kupesana kwakava nemhirizhonga zvokuti mukuru wamauto
akatya kuti Pauro angangobvamburwa-bvamburwa navo. Akarayira
varwi kuti vaburuke vandomutora vamubvise kwavari nechisimba vagomuendesa kudzimba dzavarwi.
11 Usiku hwakatevera, Ishe akamira pedyo naPauro akati kwaari,
"Tsunga mwoyo! Sezvawapupura pamusoro pangu muJerusarema,
saizvozvo unofanira kundopupurawo muRoma."

*Rangano yoKuuraya Pauro*

12 Fume mangwana, vaJudha vakaita rangano vakazvisunga nemhiko
kuti varege kudya kana kunwa kusvikira vauraya Pauro. 13 Varume
vaipfuura makumi mana ndivo vakaita rangano iyi. 14 Vakaenda
kuvaprista vakuru navakuru vakati, "Isu tazvisunga nemhiko kuti tirege
kudya kana chinhu kusvikira tauraya Pauro. 15 Zvino imi neDare Guru
ravaJudha kumbirai mukuru wavarwi kuti amuuyise pamberi penyu
muchiita somunoda kubvunzisisa pamusoro penyaya iyi. Isu takagadzirira
kumuuraya asati asvika kuno."
16 Asi, mwanakomana wehanzvadzi yaPauro akati anzwa rangano iyi,
akapinda mudzimba dzavarwi akandoudza Pauro.
17 Ipapo Pauro akadana mumwe wavakuru vezana akati kwaari, "Tora
jaya iri uende naro kumukuru wavarwi; ane zvaari kuda kumutaurira."
18 Saka akaenda naye kumukuru wavarwi.
Mukuru wezana akati, "Pauro, musungwa uya, andidaidza akandikumbira kuti ndiuye nejaya iri, kwamuri nokuti rine zvarinoda kukuudzai."
19 Mukuru wavarwi akabata ruoko rwejaya, akaenda naye padivi
akamubvunza akati, "Chii chauri kuda kundiudza?"
20 Iye akati, "VaJudha vakatenderana kukukumbirai kuti muuyise Pauro
pamberi peDare Guru ravaJudha mangwana vachiita sevanoda kunyatsobvunzisisa pamusoro pake. 21 Musavanzwa, nokuti pane vamwe vavo
vanopfuura makumi mana vakamuvandira. Vakatozvisunga nemhiko kuti varege kudya kana kunwa kusvikira vamuuraya. Vakatogadzirira izvozvi, vakamirira kubvuma kwenyu chikumbiro chavo."
22 Mukuru wavarwi akaita kuti jaya iri riende uye akamuyambira achiti,
"Usaudza munhu kuti wataura izvi kwandiri."

*Pauro anoendeswa kuKesaria*

23 Ipapo akadana vakuru vezana vaviri akavarayira achiti, "Gadzirirai
mazana maviri avarwi, navanotasva mabhiza makumi manomwe uye mazana maviri avarume vane mapfumo kuti vaende kuKesaria nenguva
dzepfumbamwe manheru. 24 Mutsvakirewo Pauro bhiza rokutasva kuitira
kuti andosvika zvakanaka kuMubati Ferikisi."
25 Akanyora tsamba yaiti:
26 Kiraudhiyo Risiasi, kuna Changamire, Mubati Ferikisi:
Kwaziwai.
27 Murume uyu akabatwa navaJudha uye vakanga voda kumuuraya, asi ini ndakabva ndasvika navarwi vangu ndikamununura,
nokuti ndakanga ndanzwa kuti muRoma. 28 Ndakada kuziva kuti sei

vakanga vachimupomera mhosva, saka ndikamuendesa kuDare ravo
Guru. 29 Ndakaona kuti aipomerwa mhosva pamusoro pamashoko
omurayiro wavo, asi pakanga pasina mhosva ingafanira rufu kana
kupfigirwa mutorongo. 30 Pandakanyeverwa pamusoro perangano
yaakanga arongerwa, ndakabva ndamutumira kwamuri pakarepo.
Ndakazivisawo vapomeri vake kuti vazosvitsa kwamuri mhosva yavanomupomera.

31 Saka varwi vakaita sezvavakanga varayirwa, vakatora Pauro
vakaenda naye usiku vakandosvika naye kuAndipatirisi. 32 Zuva rakatevera,
vakarega vamabhiza vachienda naye, ivo vachibva vadzokera
kudzimba dzavarwi. 33 Vatasvi vamabhiza vakati vasvika kuKesaria,
vakapa tsamba kumubati ndokubva vaisa Pauro mumaoko ake. 34 Mubati
akaverenga tsamba akamubvunza kuti akanga achibva kudunhu ripi.
Akati aziva kuti akanga achibva kuSirisia, 35 akati kwaari, "Ndichazonzwa
nyaya yako kana vanokupomera vasvika." Ipapo akarayira kuti Pauro
achengetwe navarindi vomumuzinda waHerodhi.

# 24

### *Pauro anomira pamberi paFerikisi*

1 Mazuva mashanu akati apfuura, Ananiasi muprista mukuru akaburuka
kuKesaria navamwe vakuru nerimwe gweta rainzi Teturo, vakataura
mhosva dzavo pamusoro paPauro pamberi pomubati. 2 Pauro akati
adaidzwa kuti apinde, Teturo akasvitsa nyaya yake kuna Ferikisi achiti,
"Isu takafadzwa nenguva refu yorugare pasi poutongi hwenyu, uye
kunzwisisa kwenyu kwakashandura rudzi urwu. 3 Changamire Ferikisi,
izvi tinozvigamuchira nomufaro mukuru uye nemitoo yose kwose kwose.
4 Asi kuti tisakunetsaizve, ndinokumbira hangu kuti mutinzwire ngoni
mungotinzwa henyu kwenguva duku.

5 "Takaona kuti murume uyu akaipa, anomutsa bope pakati pavaJudha
munyika yose. Ndiye mutungamiri weboka ravaNazareta 6 uye akaedza
kunyange kushatisa temberi; ndokusaka takamubata. 7 Asi Risiasi
mukuru wavarwi akauya akamutakanura mumaoko edu nechisimba.
8 Mukamubvunzisisa imi pachenyu muchakwanisa kuziva chokwadi
chemhosva dzatiri kumupomera."

9 VaJudha vakabvumirana nezvaakanga achipomerwa, vachisimbisa
kuti zvinhu izvi zvaiva zvechokwadi.

10 Mubati akati amuninira kuti ataure, Pauro akapindura, akati, "Ndinoziva
kuti manga muri mutongi worudzi urwu kwamakore mazhinji;
saka ndinofara kuti ndizvidavirire. 11 Imi munogona kuziva nyore nyore
kuti mazuva gumi namaviri haasati atombopera kubva pandakaenda
kundonamata kuJerusarema. 12 Vapomeri vangu havana kundiwana
ndichiita nharo naani zvake mutemberi, kana kumutsa bope musinagoge
kana papi zvapo muguta. 13 Uye havagoni kukubudisirai chokwadi
chemhosva yavanondikwirira. 14 Zvisinei hazvo, ndinobvuma kuti
ndinonamata Mwari wamadzibaba edu somuteveri weNzira, yavanoti
yakatsauka. Ini ndinotenda zvinhu zvose zvinobvumirana nomutemo
uye nezvakanyorwa muVaprofita, 15 uye ndine tariro imwe cheteyo muna
Mwari savarume ava, kuti kuchava nokumuka kwavakafa vose zvavo
vakarurama navakaipa. 16 Saka ndinoshingairira nguva dzose kuti hana
yangu ive yakachena pamberi paMwari navanhu.

[17] “Shure kwamakore mazhinji ndisipo, ndakauya kuJerusarema kuti
ndizopa vanhu vokwangu zvipo zvavarombo uye kuti ndizopa zvipiriso
zvangu. [18] Ndakanga ndakazvinatsa pavakandiwana ndiri mutemberi
ndichiita izvi. Pakanga pasina vanhu vazhinji vaiva neni, uye handina
kumboita nyonganyonga. [19] Asi pane vaJudha vanobva kuEzhia, vaifanira
kunge vari pano pamberi penyu, ndivo vaifanira kundipa mhosva kana
vainge vane mhosva ipi zvayo neni. [20] Kana ivava vari pano vanofanira
kutaura mhaka yavakawana mandiri pandakamira pamberi peDare Guru
ravaJudha, [21] kunze kwechinhu chimwe chete ichi chandakadanidzira
pandakanga ndimire pamberi pavo kuti, ‘Ndiri kutongwa maererano
nokumuka kwavakafa; ndizvo zvaita kuti ndive pamberi penyu nhasi.’ ”

[22] Ipapo Ferikisi uyo akanga achizivisisa nezveNzira iyo, akambomisa
dare. Akati, “Kana Risiasi mukuru wavarwi auya, ndichatonga mhosva
yenyu.” [23] Akarayira mukuru wezana kuti Pauro achengetwe navarindi
asi ave akasununguka uye shamwari dzake dzibvumirwe kuti dzimuvigire
zvaanoda.
[24] Mushure mamazuva mazhinji, Ferikisi akauya nomukadzi wake Dhu-
rusira, uyo akanga ari muJudha. Akadana Pauro kuti auye vagozomunzwa
sezvo aitaura pamusoro pezvokutenda muna Kristu Jesu. [25] Pauro
paakanga achidzidzisa pamusoro pokururama, kuzvidzora, nokutongwa
kuchauya, Ferikisi akatya akati, “Zvakwana kwazvino! Ungaenda hako.
Ndikange ndawana mukana, ndichazokudana.” [26] Panguva yacho iyoyo
aifunga kuti Pauro achamupa fufuro, saka aidana Pauro nguva nenguva
achitaura naye.

[27] Makore maviri akati apfuura, Poshiasi Fesitasi akatora nzvimbo
yaFerikisi, asi nokuda kwokuti Ferikisi aida kufadza vaJudha, akasiya
Pauro ari mutorongo.

# 25

*Pauro anotongwa pamberi paFesitasi*

[1] Kwakati kwapera mazuva matatu mushure mokusvika kwake munyika
iyo, Fesitasi akakwira kubva kuKesaria akaenda kuJerusarema, [2] vaprista
vakuru navakuru vavaJudha vakamira pamberi pake vakapira mhosva
yaPauro kwaari. [3] Vakakumbira zvikuru kuna Fesitasi, sechinhu chi-
nofadza kwavari, kuti Pauro aendeswe kuJerusarema, nokuti vakanga
vachigadzirira kumuvandira kuti vagomuuraya munzira imomo. [4] Fesitasi
akapindura akati, “Pauro akachengetwa paKesaria, uye ini pachangu
ndichaendako nokukurumidza. [5] Vamwe vavakuru venyu ngavaende
neni vagondokwirira munhu uyu ikoko, kana akaita chinhu chipi zvacho
chakaipa.”

[6] Akati apedza mazuva masere kana gumi navo, akaburuka akaenda
kuKesaria, uye zuva rakatevera akaunganidza vedare akarayira kuti Pauro
auyiswe pamberi pake. [7] Pauro akati asvika, vaJudha vakanga vabva
kuJerusarema vakamira vakamukomberedza, vachimupomera mhosva
dzakaipisisa, dzavakanga vasingakwanisi kusimbisa.

[8] Ipapo Pauro akazvidavirira achiti, “Ini handina kuita chinhu chakaipa
pamusoro pomurayiro wavaJudha kana temberi kana Kesari.”

[9] Fesitasi achida kufadza vaJudha, akati kuna Pauro, “Unoda here
kuenda kuJerusarema kuti undomira pamberi pangu uchitongwa neni
ikoko pamusoro pemhosva dzaunopomerwa idzi?”

10 Pauro akapindura akati, "Iye zvino ndimire pamberi pedare raKesari,
munova ndimo mandinofanira kutongwa. Handina kuita chinhu chakaipa
kuvaJudha, sezvamunonyatsoziva imi pachenyu. 11 Kunyange zvakadaro
hazvo, kana ndine mhosva yokuita chinhu chipi zvacho chinokodzera
rufu, handingarambi kufa. Asi kana mhosva dzandinopomerwa nava-
Judha dzisina chokwadi, hakuna munhu ane mvumo yokundiisa kwavari.
Ndinozviisa kuna Kesari!"

12 Shure kwokunge Fesitasi ataurirana namakurukota ake, akati, "Wazvi-
isa kuna Kesari. Kuna Kesari uchaenda!"

### *Fesitasi anobvunza Mambo Agiripa*

13 Shure kwamazuva mashoma, Mambo Agiripa naBhenisi vakasvika
paKesaria kuti vandopa ruremekedzo rwavo kuna Fesitasi. 14 Sezvo
vakanga vachipedza mazuva mazhinji ikoko, Fesitasi akakurukura nyaya
yaPauro namambo. Akati, "Pane murume ari pano akasiyiwa ari
musungwa naFerikisi. 15 Pandakaenda kuJerusarema, vaprista vakuru
navakuru vavaJudha vakauya vachimupomera mhosva vakakumbira kuti
atongwe.

16 "Ndakavaudza kuti haisi tsika yavaRoma, yokuendesa munhu upi
zvake kuti andofa asati asangana navapomeri vake, uye apiwa mukana
wokuzvidavirira pamusoro pemhosva yavanomupomera. 17 Pavakauya
pano neni, handina kunonotsa nyaya iyi, asi ndakadana dare
pazuva rakatevera ndikarayira kuti munhu uyu apinzwe mudare.
18 Vaimupomera vakati vasimuka kuti vataure, havana kumupomera
mhosva ipi zvayo yandaitarisira. 19 Asi, vaingova namashoko
okukakavadzana naye pamusoro pechitendero chavo uye napamusoro po-
murume akafa anonzi Jesu, uyo anonzi naPauro mupenyu. 20 Ndakashaya
ruzivo rwokuferefeta nyaya dzakadai; saka ndakabvunza kana aida hake
kuenda kuJerusarema kuti andotongwa ikoko pamusoro pemhosva idzi.
21 Pauro akati azvisarudzira kuti achengetwe kuti azotongwa pamberi
paMambo Kesari, ndakarayira kuti achengetwe kusvikira ndazomutumira
kuna Kesari."

22 Ipapo Agiripa akati kuna Fesitasi, "Ndingada kunzwa munhu uyu
pachangu." Akapindura akati, "Muchamunzwa mangwana."

### *Pauro pamberi paAgiripa*

23 Zuva rakatevera, Agiripa naBhenisi vakauya nokukudzwa kukuru
vakapinda mumba maitambirwa mhaka vane machinda ezvigaro zva-
pamusoro uye navarume vaitungamirira guta. Varayirwa naFesitasi,
Pauro akapinzwa mukati. 24 Fesitasi akati, "Mambo Agiripa nemi mose
muri pano nesu, muri kuona murume uyu! Ungano yose yavaJudha
yakandikumbira pamusoro pake muJerusarema uye nomuno muKesaria,
vachidanidzira vachiti haafaniri kutongoramba ari mupenyu. 25 Ini
ndakawana asina kuita chinhu chingafanira rufu, asi nokuda kwokuti
akazviisa kuna Kesari, ndakafunga kumutumira kuRoma. 26 Asi handina
chinhu chandinganyatsorondedzera chokuti ndinyorere kuna Changamire
pamusoro pake. Naizvozvo ndamuuyisa pamberi penyu iyemi mose,
kunyanya pamberi penyu, Mambo Agiripa, kuitira kuti zvichabuda
pakuferefeta uku zvigondiwanisa zvokunyora. 27 Nokuti ndinofunga
kuti hazvina ungwaru kutumira musungwa pasina rondedzero chaiyo
yemhosva yake."

# 26

1 Ipapo Agiripa akati kuna Pauro, “Unotenderwa kuzvidavirira.” Saka
Pauro akaninira noruoko rwake akatanga kuzvidavirira achiti, 2 “Mambo
Agiripa, ndinoona kuti ndine rombo rakanaka kuti ndimire pamberi
penyu nhasi ndichizvidavirira pamusoro pezvose zvandinopomerwa
navaJudha, 3 uye zvikuru nokuti imi munonyatsoziva tsika dzavaJudha
uye namakakatanwa avo. Naizvozvo ndinokukumbirai kuti munditeerere
nomwoyo murefu chaizvo.

4 “VaJudha vose zvavo vanoziva nzira yandakararama nayo kubvira
pandakanga ndiri mwana, kubva pakutanga kwoupenyu hwangu munyika
yokwangu, nomuJerusaremawo. 5 Vakandiziva kwenguva refu uye
vanogona kupupura, kana vachida zvavo, kuti maererano nedzidziso
yakasimba yechitendero chedu, ndakagara ini ndiri muFarisi. 6 Uye zvino
ndiri kutongwa pano nhasi nokuda kwetariro yangu mune zvakavimbiswa
madzibaba edu naMwari. 7 Iyi ndiyo vimbiso yakamirirwa namarudzi
edu gumi namaviri kuti isvike sezvavanoshumira Mwari kwazvo masikati
nousiku. Imi mambo, vaJudha vari kundipa mhosva nokuda kwetariro iyi.
8 Seiko zvisingagoni kutendwa pakati penyu kuti Mwari anomutsa vakafa?

9 “Neniwo ndakanga ndichigutsikana ndichitoti ndinofanira kuita zvose
zvandaigona kuti ndipikise zita raJesu weNazareta. 10 Uye ndizvo chaizvo
zvandakaita muJerusarema. Nemvumo yandakanga ndapiwa navaprista
vakuru, ndakaisa vazhinji vavatsvene mutorongo, uye pavainge vachi-
urayiwa, ndaitenderana nazvo. 11 Nguva zhinji ndaibva kune rimwe
sinagoge ndichienda kune rimwe ndichiita kuti varangwe, uye ndakaedza
kuvamanikidza kuti vamhure Mwari. Noruvengo rwandaiva narwo
pamusoro pavo, ndakaenda kunyange kuna mamwe maguta avatorwa
kundovatambudza.

12 “Pane imwe yenzendo idzi ndakanga ndichienda kuDhamasiko
ndine mvumo uye ndatumwa navaprista vakuru. 13 Nenguva dzinenge
dzamasikati, mambo, ndiri mumugwagwa, ndakaona chiedza chakabva
kudenga, chaipenya kupfuura zuva, chikavaima chakandipoteredza ini
navandaiva navo. 14 Tose takawira pasi, uye ndakanzwa inzwi richiti
kwandiri norurimi rwechiHebheru, ‘Sauro, Sauro, unonditambudzireiko?
Zvakakuomera iwe kuti ukave zvibayiso.’

15 “Ipapo ndakati, ‘Ndimi aniko, Ishe?’

“Ishe akapindura akati, ‘Ndini Jesu waunotambudza. 16 Zvino chisimuka
umire netsoka dzako. Ndazviratidza kwauri kuti ndikugadze somu-
randa uye sechapupu chezvawaona kwandiri uye nezvandichakuratidza.
17 Ndichakununura kubva kuvanhu vokwako uye kubva kune veDzimwe
Ndudzi. Ndiri kukutuma kwavari 18 kuti usvinudze meso avo nokuvadzora
kubva kurima kuti vauye kuchiedza, nokubva musimba raSatani kuti
vauye kuna Mwari, kuti vagamuchire kanganwiro yezvivi uye vawane
nzvimbo pakati paavo vakaitwa vatsvene nokutenda kwandiri.’

19 “Saka ipapo, Mambo Agiripa, handina kuramba kuteerera kuchi-
ratidzo chakabva kudenga. 20 Ndakatanga kuparidza kuna avo vaiva
muDhamasiko, nokuna avo vaiva muJerusarema nomuJudhea yose, uye
nokune veDzimwe Ndudziwo kuti vatendeuke vadzokere kuna Mwari
vagoratidza kutendeuka kwavo namabasa avo. 21 Ndizvo zvakaita
kuti vaJudha vandibate mutemberi uye vaedze kundiuraya. 22 Asi
ndakabatsirwa naMwari kusvikira nhasi uno, uye ndimire pano kuti
ndipupure kuvaduku nokuvakuru zvimwe chetezvo. Handina kutaura
zvinopfuura zvakataurwa navaprofita uye naMozisi kuti zvichaitika,

23 kuti Kristu achatambudzika, uye, saiye wokutanga kumuka kubva
kuvakafa achaparidza chiedza kuvanhu vake uye nokune veDzimwe
Ndudzi.”
24 Ipapo Fesitasi akati kuna Pauro nenzwi guru, “Pauro, wava kupenga!
Kudzidza kwako kukuru kwava kukupengesa.”
25 Pauro akapindura akati, “Handisi kupenga, changamire Fesitasi.
Zvandiri kutaura ichokwadi uye zvinotendeka. 26 Mambo vanoziva zvinhu
izvi, uye ndinogona kutaura ndakasununguka kwavari. Ndinogutsikana
kuti hapana chimwe chezvinhu izvi chichavapunyuka, nokuti hazvina
kuitwa pakavanda. 27 Mambo Agiripa munotenda vaprofita here?
Ndinoziva kuti munotenda.”
28 Ipapo Agiripa akati kuna Pauro, “Unenge unoda kundiita muKristu
nenguva duku.”
29 Pauro akapindura akati, “Nguva pfupi kana refu, ndinonyengetera
kuna Mwari kuti murege kuva imi bedzi asi vose ava vakateerera kwandiri
nhasi kuti vave seni, kunze kwengetani idzi chete.”
30 Mambo akasimuka, pamwe chete nomubati naBhenisi uye navose
vaakanga agere navo. 31 Vakabuda mumba, uye pavaitaurirana, vakati,
“Munhu uyu haasi kuita chinhu chinofanira rufu kana kupfigirwa
mutorongo.”
32 Agiripa akati kuna Fesitasi, “Munhu uyu angadai asunungurwa dai
akanga asina kuzviisa kuna Kesari.”

# 27

*Pauro anoenda kuRoma nechikepe*

1 Kwakati kwarongwa kuti tiende nechikepe kuItari, Pauro navamwe
vasungwa vakaiswa mumaoko omukuru wezana ainzi Juriasi akanga
ari wehondo yaAgasito. 2 Takakwira chikepe chaibva kuAdhiramitiami
chakanga chava kuenda nomunzvimbo dzaiva kumahombekombe enyika
yeEzhia, ndokubva taenda kugungwa. Takanga tiina Aristakusi, muMased-
honia aibva kuTesaronika, pamwe chete nesu.
3 Zuva rakatevera takasvika paSidhoni; uye Juriasi akanzwira
Pauro tsitsi akamutendera kuti aende kushamwari dzake kuti zvimwe
vangamupa zvaaishayiwa. 4 Tichibva ipapo takaendazve kugungwa
tikapfuura nezasi kweSaipurasi, nokuti mhepo yakanga ichitidzivisa.
5 Takati tayambuka gungwa reSirisia nePamufiria, takandomira paMira
muRisia. 6 Mukuru wezana akawana chikepe cheArekizandiria ipapo
chaienda kuItari akatikwidzamo. 7 Takafamba zvishoma zvishoma
mazuva mazhinji uye zvakanga zvakatiomera kusvikira paNidhasi. Sezvo
mhepo yakanga ichitidzivisa kuti tifambe mugwara redu, takabva
taenda nezasi kweKirete, kwakatarisana neSarimone. 8 Takafamba
nokumahombekombe tichitambudzika tikasvika panzvimbo yainzi Zororo
Rakanaka, pedyo neguta reRasea.
9 Takarasikirwa nenguva yakawanda kwazvo, uye kufambisa chikepe
kwakanga kwava nenjodzi nokuti zvino Nguva Yokutsanya yakanga
yatopfuura. Saka Pauro akavayambira akati, 10 “Varume, ndinoona kuti
rwendo rwedu ruchava nenjodzi uye ruchauyisa kurasikirwa kukuru
kuchikepe nokunhumbi, uyewo nokuupenyu hwedu chaihwo.” 11 Asi
mukuru wezana, pachinzvimbo chokuti ateerere kune zvakanga zvatau-
rwa naPauro, akatevera zano romuchairi wechikepe uye neromuridzi
wechikepe. 12 Sezvo panomira chikepe pakanga pasina kunaka kuti

vanhu vagarepo munguva yechando, voruzhinji vakasarudza kuti tirambe tichifamba, vachitarisira kusvika kuFonisia tigogarako panguva yechando. Iyi ndiyo yaiva nzvimbo yomuKirete yaimirira chikepe, yakatarisa kwose zasi kwakadziva kumavirira nokumusoro kwakadziva kumavirira.

*Dutu*

13 Mhepo yakadzikama yaibva zasi yakati yotanga kuvhuvhuta,
vakafunga kuti vawana zvavaida; saka vakakanga chimiso mumvura
tikafamba takatevedza mahombekombe eKirete. 14 Kusati kwambopera
nguva huru, mhepo huru ine simba, yainzi "Yurakuro," yakavhuvhuta
ichibva nokuchitsuwa. 15 Chikepe chakabatwa nedutu chikatadza kupinda
nomumhepo; saka takarega zvakadaro uye tikaramba tichingosairirwa.
16 Takati tapfuura nezasi kwechitsuwa chiduku chainzi Kaudha, takanga
tisisagoni kuchengetedza igwa rokununura upenyu. 17 Varume vakati
varikwidza pamusoro pechikepe, vakapinza tambo napasi pechikepe kuti
zvibate zvakasimba. Vachitya kuti vangasairirwa kujecha rokuSiritisi,
vakaderedza zvimiso zvomugungwa ndokubva varega chikepe chichi-
sairirwa. 18 Takanga tava kuvhungwa-vhungwa nedutu raiva nes-
imba zvokuti mangwana acho vakatanga kubudisa nhumbi muchikepe
vachidzikanda mugungwa. 19 Pazuva retatu, vakakanda mimwe midziyo
yaishandiswa muchikepe mugungwa namaoko avo. 20 Zuva kana ny-
eredzi pazvisina kuonekwa kwamazuva mazhinji, uye dutu parakaramba
richipenga, takagumisira tarasikirwa netariro yose yokuponeswa kwedu.
21 Shure kwokunge vanhu vagara nguva refu vasina zvokudya, Pauro
akamira pamberi pavo akati, "Varume, maifanira kunge makateerera zano
rangu rokuti murege kubva paKirete; ipapo mungadai makazviponesa
pakuparadza nokurasikirwa uku. 22 Asi zvino ndinokukurudzirai kuti
mutsunge, nokuti hakuna mumwe wenyu acharasikirwa noupenyu
hwake; asi chikepe ichi bedzi ndicho chichaparadzwa. 23 Madeko
mutumwa waMwari uyo wandiri wake uye wandinoshumira akamira
neni 24 akati kwandiri, 'Usatya, Pauro. Unofanira kutongwa pamberi
paKesari; uye nenyasha Mwari akupa upenyu hwavose vanofamba newe
muchikepe.' 25 Saka tsungai mwoyo, varume, nokuti ndino kutenda
muna Mwari kuti zvichaitika sezvaakandiudza. 26 Kunyange zvakadaro
tichandokandwa hedu pane chimwe chitsuwa."

*Kuparara kwechikepe*

27 Nousiku hwegumi nechina, takanga tichiri kungosundwa nemhepo
tichiyambuka Gungwa reAdhiria, panenge pakati pousiku vafambisi
vechikepe vakaona kuti vakanga voswedera kunyika. 28 Vakashandisa
zvokuyera kudzika kwemvura vakaona kuti pakanga pakadzika mamita
makumi mana. Shure kwenguva pfupi, vakayerazve vakawana kuti
pakanga padzika namamita makumi matatu. 29 Vachitya kuti vangabon-
dera pamatombo, vakadzikisa zvimiso zvina shure, ndokunyengetera
kuti dai kwaedza. 30 Vachida kuedza kutiza kubva muchikepe, vafam-
bisi vechikepe vakaburutsa igwa rokununura upenyu ndokurikanda
mugungwa, vachiita sokunge vaizodzikisa zvimiso mberi kwechikepe.
31 Ipapo Pauro akati kumukuru wezana nokuvarwi, "Kana vanhu ava
vakasagara muchikepe, hamungararami." 32 Saka varwi vakadambura
tambo dzakanga dzakabata igwa rokununura upenyu vakarirega richiwira
mumvura.

33 Kwava kuda kuedza, Pauro akavakurudzira kuti vadye achiti,
"Mazuva gumi namana apfuura, manga makangogara musingadyi,
hamuna kutongodya kana chinhu. 34 Zvino ndinokukurudzirai kuti
mudye. Munofanira kudya kuti murarame. Hakuna mumwe pakati
penyu acharasikirwa nebvudzi romusoro wake." 35 Shure kwokutaura
kwake izvozvo, akatora chingwa akavonga kuna Mwari pamberi pavo
vose. Ipapo akachimedura akatanga kudya. 36 Vose vakakurudzirwa
uye vakadya zvokudya. 37 Tose takanga tiri mazana maviri namakumi
manomwe navatanhatu. 38 Vakati vadya pavaida napo, vakarerutsa
chikepe nokukanda gorosi mugungwa.
39 Kunze kwakati kwaedza, havana kuziva nyika iyo, asi vakaona
nzvimbo yaiva nejecha, apo pavakasarudza kuti vamise chikepe kana
zvaigona. 40 Vakadambura zvimiso, vakazvisiya mugungwa uye nenguva
yakare iyoyo vakadamburawo tambo dzakanga dzakasunga zvokudzoresa
chikepe. Ipapo vakasimudza sairi rechikepe kumhepo kuti risairirwe
panodira makungwa maviri. 41 Asi chikepe chakarovera pajecha. Muromo
wacho wakabatirira kwazvo uye ukasagona kubvapo, nokudaro shure
kwacho kwakapwanyika kukaita zvimedu zvimedu nokuda kwokurova
kwamasaisai.
42 Varwi vakaronga kuuraya vasungwa kuti vatadzise kana mumwe
chete wavo kushambira kuti apunyuke. 43 Asi mukuru wezana
akanga achida kuponesa Pauro, akavadzivisa kuita zvavakanga varonga.
Akarayira vaya vaigona kushambira kuti vashambire havo vatange
kubuda muchikepe vaende kumahombekombe. 44 Vakasara vavo vainge
vachizoyambutswa vari pamapuranga kana pazvidimbu zvechikepe. Nen-
zira iyi, mumwe nomumwe akasvika pavhu rakaoma zvakanaka.

# 28

*Pauro paMarita*

1 Takati tasvika zvakanaka kumahombekombe, takazoziva kuti chit-
suwa ichi chainzi Marita. 2 Vanhu vomuchitsuwa ichi vakatiitira tsitsi
dzinoshamisa. Vakavesa moto vakatigamuchira tose nokuti kwakanga
kuchinaya uye kuchitonhora. 3 Pauro akaunganidza svinga retutsotso.
Paakanga ava kutuisa mumoto, nyoka, yanzwa kupisa kwomoto, yakana-
matira paruoko rwake. 4 Vanhu vomuchitsuwa ichi pavakaona nyoka
yakarembera paruoko rwake, vakataurirana pakati pavo vakati, "Munhu
uyu anofanira kuva mhondi; nokuti kunyange apunyuka hake mugungwa,
kururamisira hakuna kumubvumira kuti ararame." 5 Asi Pauro akazun-
zira nyoka mumoto uye haana kurwara. 6 Vanhu vakanga vakatarisira
kuti achazvimba kana kuwira pasi pakarepo ofa, asi vakati varindira
kwenguva refu uye vakasaona chakaitika kwaari, vakashanduka vakati
aiva mwari.
7 Pakanga pano munda waiva pedyo ipapo wakanga uri waPabhu-
riosi, muchinda mukuru wechitsuwa icho. Akatigamuchira kumba
kwake akatichengeta zvakanaka kwamazuva matatu. 8 Baba vake
vakanga vachirwara vavete pamubhedha, vachirwadziwa nefivha uye
vane manyoka aibudisa ropa. Pauro akapinda kuti andovaona, uye shure
kwokunyengetera, akaisa maoko ake pamusoro pavo akavaporesa. 9 Izvi
zvakati zvaitika, vairwara vose vomuchitsuwa vakauya vakaporeswa.
10 Vakatikudza nenzira zhinji uye patakanga tagadzirira kukwira chikepe,
vakatipa zvinhu zvataida.

### *Pauro anosvika kuRoma*

11 Mwedzi mitatu yakati yapfuura, takaenda kugungwa tikakwira
muchikepe chakanga chapedza mwaka wechando chiri pachitsuwa apa.
Chakanga chiri chikepe chokuArekizandiria chakanga chine misoro miviri
yavamwari mapatya, ivo Kasitori naPorukisi. 12 Takaenda paSirakuse
tikandogarapo kwamazuva matatu. 13 Takabvapo tikakwira chikepe
tikandosvika kuRegiamu. Zuva rakatevera, mhepo yaibva zasi yakatanga
kuvhuvhuta, uye pazuva rechipiri takazosvika paPuteori. 14 Ipapo
takawana hama uye dzakatikoka kuti tipedze vhiki imwe tinavo. Tichibva
ipapo takaenda kuRoma. 15 Hama dzaikoko dzakanga dzanzwa kuti
takanga tichiuya, naizvozvo vakafamba kusvikira kuMusika weApio
napaMahotera Matatu kuti vazosangana nesu. Pauro, paakaona varume
ava, akavonga Mwari uye akakurudzirwa. 16 Takati tasvika kuRoma,
Pauro akatenderwa kuti agare oga, ane murwi aimuchengeta.

### *Pauro anoparidza muRoma*

17 Mazuva matatu akati apfuura, akakoka vatungamiri vavaJudha.
Vakati vaungana, Pauro akati kwavari, "Hama dzangu, kunyange ndisina
kuita chinhu chakaipa kuvanhu vokwedu kana pamusoro petsika dza-
madzitateguru edu, ndakasungwa muJerusarema ndikaiswa mumaoko
avaRoma. 18 Vakandibvunzisisa uye vakada kundisunungura, nokuti
ndakanga ndisina mhosva ipi zvayo yaikodzera rufu. 19 Asi vaJudha vakati
varamba ndakazvipira kuti ndizviise kuna Kesari, kwete kuti ndakanga
ndine mhosva ipi zvayo nehama dzangu. 20 Nokudaro ndakumbira
hangu kuti ndikuonei uye nditaure nemi. Nokuda kwetariro yaIsraeri
ndakasungwa nengetani iyi."

21 Ivo vakati, "Hatina kumbogamuchira kana tsamba zvadzo dzichibva
kuJudhea maererano newe, uye hakuna mumwe wehama dzakabvako
akatizivisa kana kutaura chinhu chipi zvacho chakaipa pamusoro pako.
22 Asi tinoda kunzwa kuti pfungwa dzako ndedzei, nokuti tinoziva kuti
kwose kwose vanhu vanotaura zvakaipa pamusoro peboka iri."

23 Vakaronga kuzosanganazve naPauro pane rimwe zuva, uye
vakauya kwaakanga ari vari vazhinji kwazvo. Kubvira mangwanani
kusvikira madekwana akavatsanangurira uye akavapupurira zvoumambo
hwaMwari, uye achiedza kwazvo kuti vatende nezvaJesu kutanga pa-
Murayiro waMozisi kusvikira kuvaprofita. 24 Vamwe vakatendeswa
nezvaaireva, asi vamwe havana kutenda. 25 Havana kutenderana pakati
pavo ndokubva vatanga kuenda, shure kwokunge Pauro ataura mashoko
okupedzisira okuti: "Mweya Mutsvene akataura chokwadi kumadzitate-
guru enyu paakataura nomuromo waIsaya muprofita achiti:

26 " 'Enda kuvanhu ava uti,
"Mucharamba muchinzwa asi musingatongonzwisisi;
mucharamba muchiona asi musingaonesesi."

27 Nokuti mwoyo yavanhu ava yava mikukutu;
havanzwisisi nenzeve dzavo,
uye vakatsinzina meso avo.
Zvimwe vangaona nameso avo,
vanganzwa nenzeve dzavo,
vakanzwisisa nemwoyo yavo,
vagotendeuka, ndigovaporesa.'

28 “Naizvozvo ndinoda kuti muzive kuti ruponeso rwaMwari rwatu-
mirwa kune veDzimwe Ndudzi, uye vachanzwa!” 29 Shure kwokunge
ataura izvi, vaJudha vakabva, vachikakavadzana zvikuru pakati pavo.
30 Pauro akagara ikoko kwamakore maviri ose ari muimba yake
yaairipira uye aigamuchira vose vaiuya kuzomuona. 31 Akaparidza
zvoumambo hwaMwari asingatyi, asingadziviswi uye akadzidzisa nez-
vaIshe Jesu Kristu.

# VAROMA

[1] Pauro, muranda waJesu Kristu, akadanwa kuti ave mupostori uye akat-
saurirwa vhangeri raMwari, [2] vhangeri raakavimbisa kare kubudikidza
navaprofita vake muMagwaro Matsvene [3] pamusoro poMwanakomana
wake, uyo pakuberekwa kwake somunhu akanga ari chizvarwa chaD-
havhidhi, [4] uye akaratidzwa nesimba kubudikidza naMweya Mutsvene
kuti ndiye Mwanakomana waMwari, nokumuka kwake kubva kuvakafa:
Jesu Kristu Ishe wedu. [5] Kubudikidza naye uye nokuda kwezita rake,
takagamuchira nyasha noupostori, kuti tidane vanhu kubva pakati pava-
Hedheni vose kuti vave nokuteerera kunobva pakutenda. [6] Uye nemiwo
muri pakati paavo vakadanwa kuti muve vaJesu Kristu.

[7] Kuna vose vari muRoma vanodiwa naMwari uye vakadanwa kuti vave vatsvene:

Nyasha norugare ngazvive nemi zvinobva kuna Mwari Baba vedu, nokuna Ishe Jesu Kristu.

### *Chishuvo chaPauro chokuda kushanyira Roma*

[8] Pakutanga, ndinovonga Mwari wangu muna Jesu Kristu pamusoro
penyu mose, nokuti kutenda kwenyu kunoparidzwa panyika yose.
[9] Mwari, wandinoshumira nomwoyo wangu wose mukuparidza vhangeri
roMwanakomana wake, ndiye chapupu changu kuti ndinoramba sei
ndichikurangarirai [10] muminyengetero yangu nguva dzose; uye ndi-
nonyengeterera kuti zvino pakupedzisira nokuda kwaMwari ndizarurirwe
mukana wokuti ndiuye kwamuri.

[11] Ndinoshuva zvikuru kuti ndikuonei kuti ndigokupai chipo chomweya
kuti mugova makasimbiswa, [12] ndiko kuti, imi neni tikurudzirwe pamwe
chete nokutenda kwomumwe nomumwe wedu. [13] Handidi kuti musaziva,
hama, kuti ndakaronga kazhinji kuti ndiuye kwamuri (asi ndakatadziswa
kuita saizvozvo kusvikira zvino) kuti ndive nezvibereko pakati penyu,
sezvandakaita pakati pavamwe veDzimwe Ndudzi.

[14] Ndine mungava kuna vose vaGiriki navasiri vaGiriki, vose vakachen-
jera navasina kuchenjera. [15] Ndokusaka ndichida zvikuru kwazvo kuti
ndiparidze vhangeri kwamuriwo imi vari kuRoma.

[16] Handina nyadzi pamusoro pevhangeri, nokuti isimba raMwari
rokuponesa munhu wose anotenda: Kutanga kumuJudha, zvichizotevera
weDzimwe Ndudzi. [17] Nokuti muvhangeri, kururama kwaMwari kuno-
ratidzwa kuchibva pakutenda kuchienda kukutenda, sezvazvakanyorwa
zvichinzi: "Akarurama achararama nokutenda."

### *Kutsamwa kwaMwari pamusoro pamarudzi avanhu*

[18] Kutsamwa kwaMwari kunoratidzwa kuchibva kudenga pamusoro
pokusada Mwari kwose nokusarurama kwose kwavanhu vanodzivisa
chokwadi nokusarurama kwavo. [19] Nokuti izvo zvose zvingazivikanwa pa-
musoro paMwari zviri pachena kwavari, nokuti Mwari akazviisa pachena
kwavari. [20] Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika izvo zvisingaonekwi
zvaMwari, iro simba rake rinogara nokusingaperi nouMwari hwake,

zvakanyatsoonekwa kwazvo, zvichizivikanwa kubva pazvinhu zvakaitwa,
kuitira kuti vanhu varege kuva nepembedzo.
21 Nokuti kunyange zvavo vaiziva Mwari, havana kumukudza saMwari
kana kumuvonga, asi kufunga kwavo kwakava kusina maturo uye
mwoyo yavo, isina zivo, yakasvibiswa. 22 Kunyange zvavo vachizviti
vakachenjera, vakava mapenzi 23 uye vakashandura kubwinya kwaMwari
asingafi vakakuita mifananidzo yakaitwa somunhu anofa, shiri, mhuka
nezvinokambaira.
24 Naizvozvo Mwari akavaisa kuzvishuvo zvakaipa zvemwoyo yavo,
zvokuzvisvibisa noupombwe kuti vazvidze miviri yavo pakati pavo.
25 Vakatsinhanisa zvokwadi yaMwari nenhema, vakanamata uye vakashu-
mira zvisikwa panzvimbo yoMusiki, iye anokudzwa nokusingaperi.
Ameni.
26 Nokuda kwaizvozvo, Mwari akavaisa pakuchiva kwavo kunonyadzisa.
Kunyange navakadzi vavo vakashandura zvavakasikirwa kuti vaite,
vakaita zvavasina kusikirwa. 27 Navarume vavo vakaitawo zvimwe
chetezvo vakasiya zvavakasikirwa paukama hwavo navakadzi uye
vakatsva noruchiva mumwe kuno mumwe murume. Varume vakaita
zvisakafanira navamwe varume, uye vakazviwanira mukati mavo
mubayiro wakafanira kurasika kwavo.
28 Pamusoro pezvo, sezvavasina kufunga kuti zvakakodzera kuva
noruzivo rwaMwari, akavaisa kumurangariro wokurasika, kuti vaite
zvisakafanira. 29 Vakazadzwa nokusarurama kworudzi rwose, kuipa,
makaro nokurasika. Vakazara negodo, umhondi, nokukakavara, un-
yengeri nokuvenga. Vane makuhwa, 30 vanochera vamwe, vanovenga
Mwari, vanodada, vanozvikudza uye vanozvirumbidza; vanovamba nzira
dzokuita zvakaipa; havateereri vabereki vavo; 31 havafungi, havana ku-
tenda, vane mwoyo wakaipa, havana tsitsi. 32 Kunyange zvavo vachiziva
mutemo wakarurama waMwari kuti avo vanoita zvakadai vakafanirwa
norufu, havarambi vachiita zvinhu izvi bedzi, asi kuti vanotenderanawo
navanozviita.

# 2

### *Kutonga kwaMwari kwakarurama*

1 Naizvozvo, iwe unotonga mumwe munhu hauna pembedzo, nokuti
pachinhu chipi nechipi chaunotonga mumwe nacho, unozvipa mhosva
iwe, nokuti iwe unotonga, unoita zvinhu zvimwe chetezvo. 2 Zvino
tinoziva kuti kutonga kwaMwari ndokwezvokwadi kuna vanoita zvinhu
zvakadai. 3 Saka kana iwe munhuwo zvake uchitonga vamwe asi uchiita
zvinhu zvimwe chetezvo, unofunga kuti ungapunyuka kutonga kwaMwari
here? 4 Kana kuti unozvidza pfuma younyoro hwake, mwoyo muny-
oro wake, nomwoyo murefu wake, usingazivi kuti unyoro hwaMwari
hunokuisa pakutendeuka?
5 Asi nokuda kwoukukutu hwako uye nomwoyo wako usingadi kuten-
deuka, uri kuzviunganidzira kutsamwa pazuva rokutsamwa kwaMwari,
pacharatidzwa kutonga kwake kwakarurama. 6 Mwari "achapa mumwe
nomumwe maererano nezvaakaita." 7 Kuna avo vakatsungirira kuita
zvakanaka vachitsvaka kubwinya nokukudzwa uye nokusafa, achavapa
upenyu husingaperi. 8 Asi kuna avo vanotsvaka zvavo uye vanoramba
chokwadi uye vachitevera zvakaipa, kuchavapo kutsamwa nehasha.
9 Kuchavapo kutambudzika nokudzungaira kumunhu mumwe nomumwe

anoita zvakaipa: kutanga kumuJudha, tevere weDzimwe Ndudzi; 10 asi
kubwinya, nokukudzwa uye norugare kuna vose vanoita zvakanaka:
kutanga kumuJudha tevere weDzimwe Ndudzi. 11 Nokuti Mwari haasi
mutsauri wavanhu.
12 Vose vakatadza vasina murayiro vachaparadzwawo vasina murayiro,
uye vose vakatadza vano murayiro vachatongwa nomurayiro. 13 Nokuti
havasi vaya vanonzwa murayiro vakarurama pamberi paMwari, asi
vaya vanoita murayiro ndivo vachanzi vakarurama. 14 Zvirokwazvo,
kana veDzimwe Ndudzi, vasina murayiro vachiita sokuberekwa kwavo
zvinhu zvinodiwa nomurayiro, wava murayiro wavo pachavo kunyange
zvazvo vasina murayiro. 15 Sezvo vachiratidza kuti zvinodiwa nomurayiro
zvakanyorwa pamwoyo yavo, hana dzavo dzichipupuriranawo nazvo,
nezvavanofunga pakati pavo zvichivapa mhosva kana kuvapembedza.
16 Izvi zvichaitika pazuva iroro, Mwari raachazotonga zvakavanzika
zvavanhu kubudikidza naJesu Kristu, sezvinoreva vhangeri rangu.

### *VaJudha noMurayiro*

17 Zvino iwe, kana uchiti uri muJudha; kana uchivimba nomurayiro uye
uchizvirumbidza pamusoro poukama hwako naMwari; 18 kana uchiziva
kuda kwake uye uchiziva kuti zvakanaka ndezvipi zvaunodzidziswa
nomurayiro; 19 kana uchiti uri mutungamiri wamapofu, chiedza chaavo
vari murima, 20 murairidzi wamapenzi, mudzidzisi wavacheche, nokuti
zvauine, mumurayiro, mufananidzo woruzivo nechokwadi, 21 zvino iwe,
unodzidzisa vamwe, hauzvidzidzisewo here? Iwe unoparidza kuti vanhu
vasaba, unoba here? 22 Iwe unoti vanhu havafaniri kuita upombwe, unoita
upombwe here? Iwe unosema zvifananidzo, unoba mutemberi dzavo
here? 23 Iwe unozvirumbidza pamusoro pomurayiro, unoshora Mwari
nokudarika murayiro here? 24 Nokuti, sezvazvakanyorwa: "Zita raMwari
rinomhurwa pakati peveDzimwe Ndudzi nokuda kwenyu."
25 Kudzingiswa kunokosha kana uchichengeta murayiro, asi kana
uchidarika murayiro, wakangoita sousina kudzingiswa. 26 Kana
vaya vasina kudzingiswa vakachengeta zvinodiwa nomurayiro, havan-
gaonekwi savakadzingiswa here? 27 Uyo asina kudzingiswa panyama asi
achichengeta murayiro achakutonga iwe, kunyange zvako une murayiro
wakanyorwa uye wakadzingiswa, asi uchidarika murayiro.
28 Munhu haasi muJudha kana ari muJudha anoonekwa kunze chete,
uye kudzingiswa hakuzi kwokunze kana kwapanyama chete. 29 Kwete,
munhu anova muJudha kana ari muJudha mukati, uye kudzingiswa
kwomwoyo, noMweya, kwete kwezvakanyorwa. Kurumbidzwa kwom-
unhu akadaro hakubvi kuvanhu, asi kunobva kuna Mwari.

# 3

### *Kutendeka kwaMwari*

1 Ko, muJudha anopfuura vamwe pakudii, uye kudzingiswa kunobat-
sireiko? 2 Zvizhinji nemitoo yose! Pakutanga, ndivo vakapiwa mashoko
aMwari chaiwo.
3 Ko, kana vamwe vasina kutenda? Kusatenda kwavo kungakonesa
kutendeka kwaMwari here? 4 Kwete, kwete! Mwari ngaave wechokwadi,
asi vanhu vose vave venhema. Sezvazvakanyorwa zvichinzi:
"Kuitira kuti munzi makarurama pamunotaura,
uye mukunde pakutonga kwenyu."

5 Asi kana kusarurama kwedu kuchiratidza kururama kwaMwari
zvinonyatsoonekwa, tichatiiko? Kuti Mwari haana kururama here kana
achiisa hasha dzake pamusoro pedu? (Ndiri kutaura namatauriro
avanhu). 6 Kwete kwete! Dai zvanga zviri izvo, Mwari aizotonga nyika
seiko? 7 Mumwe anogona kuti, “Zvino kana nhema dzangu dzichiita
kuti chokwadi chaMwari chionekwe uye zvichizowedzera kukudzwa
kwake, ko, sei ndichizotongwa somutadzi?” 8 Ticharegerereiko kutaura
sezvatinopomerwa, uye sezvinoreva vamwe vachiti tinoti, “Ngatiitei
zvakaipa kuti zvakanaka zvibudepo”? Kutongwa kwavo kwakavafanira.

### *Hakuna kana mumwe akarurama*

9 Zvino tichatiiko? Tinovapfuura here? Kwete napaduku pose! Nokuti
tambopa vose mhosva, vaJudha neveDzimwe Ndudzi, yokuva pasi pechivi.
10 Sezvazvakanyorwa zvichinzi:
“Hakuna akarurama, kunyange nomumwe;
11 hakuna anonzwisisa,
hakuna anotsvaka Mwari.
12 Vose vakatsauka,
vose pamwe chete vakava vasina maturo;
hakuna kana mumwe anoita zvakanaka,
kana mumwe zvake.”
13 “Huro dzavo makuva akashama;
ndimi dzavo dzinotaura unyengeri.”
“Uturu hwenyoka huri pamiromo yavo.”
14 “Miromo yavo izere nokutuka nokuvava.”
15 “Tsoka dzavo dzinokurumidza kuteura ropa;
16 kuparadza nenhamo zviri panzira dzavo,
17 Uye nzira yorugare havaizivi.”
18 “Kutya Mwari hakupo pamberi pavo.”
19 Zvino tinoziva kuti zvose zvinorehwa nomurayiro, unozvitaura kuna
avo vari pasi pomurayiro, kuitira kuti miromo yose ishayiswe chokutaura
uye kuti nyika yose ive nemhosva pamberi paMwari. 20 Naizvozvo hapana
achanzi akarurama pamberi pake nokuda kwokuchengeta murayiro; asi
kuti, kubudikidza nomurayiro tichaziviswa chivi.

### *Kururama kubudikidza nokutenda*

21 Asi zvino kururama kwaMwari, kwakaratidzwa kunze kwomurayiro,
kuchipupurirwa nomurayiro navaprofita. 22 Kururama uku kunobva
kuna Mwari kunouya kubudikidza nokutenda muna Jesu Kristu kuna
vose vanotenda. Hapana musiyano, 23 nokuti vose vakatadza uye
vakasasvika pakubwinya kwaMwari, 24 uye vanoruramisirwa nenyasha
dzake kubudikidza nokudzikinura kuri muna Kristu Jesu. 25 Mwari
akamupa iye sechibayiro chokuyananisa kubudikidza nokutenda muropa
rake. Akaita izvi kuti aratidze kururamisira kwake, nokuti mukuita
mwoyo murefu kwake akaregerera hake zvivi zvakaitwa kare. 26 Akazviita
kuti aratidze kururamisira kwake panguva ino, kuitira kuti ave akarurama
uye anoruramisira vaya vanotenda muna Jesu.
27 Zvino kuzvikudza kuripiko? Kwabviswa. Nomurayiro upiko?
Wokuchengetedza murayiro here? Kwete, asi nomurayiro wokutenda.
28 Naizvozvo tinomira pakuti munhu anoruramisirwa nokutenda kwete
nokuchengeta murayiro. 29 Ko, Mwari ndiMwari wavaJudha voga here?
Ko, haazi Mwari weveDzimwe Ndudziwo here? Hongu ndoweveDzimwe
Ndudziwo, 30 sezvo kuna Mwari mumwe chete uyo acharuramisira

vakadzingiswa nokutenda uye vasina kudzingiswa kubudikidza noku-
tenda kumwe cheteko. 31 Zvino tinobvisa murayiro nokutenda uku here?
Kwete napaduku! Asi, tinosimbisa murayiro.

# 4

*Abhurahama akaruramiswa noKutenda*

1 Zvino tichati Abhurahama, tateguru wedu, panyama akawaneiko
pazviri? 2 Nokuti dai Abhurahama akaruramisirwa namabasa, angadai
aine chinhu chokuzvirumbidza nacho, asi kwete pamberi paMwari. 3 Ko,
Rugwaro runoti kudiniko? "Abhurahama akatenda Mwari, uye kukanzi
kwaari ndiko kururama."

4 Zvino kana munhu achiita basa, mubayiro wake hautorwi sechipo
chokungopiwa, asi somubayiro wakamufanira. 5 Asi kumunhu asin-
gashandi, asi achitenda Mwari uyo anoruramisira munhu akaipa, kutenda
kwake kuchanzi kwaari ndiko kururama. 6 Dhavhidhi anotaura pamusoro
pechinhu chimwe chete ichi paanotaura zvokuropafadzwa kwomunhu
anonzi naMwari akarurama kunze kwamabasa, achiti:

7 "Vakaropafadzwa avo
vakaregererwa zvakaipa zvavo,
vakafukidzirwa zvivi zvavo.
8 Akaropafadzwa munhu
ane chivi chisingazombobvunzwi naIshe pamusoro pake."

9 Ko, kuropafadzwa uku ndokwavakadzingiswa chete here? Kana kuti
navasina kudzingiswawo? Nokuti tati kuna Abhurahama kutenda kwake
kwakanzi kwaari ndiko kururama. 10 Zvino zvakanzarwo seiko? Akanga
adzingiswa here, kana kuti asati? Haana kunzarwo adzingiswa, asi
kuti asati adzingiswa! 11 Uye akagamuchira chiratidzo chokudzingiswa,
sechisimbiso chokururama kwaakawana nokutenda asati adzingiswa.
Saka naizvozvo ndiye baba wavose vanotenda, asi vasina kudzingiswa,
kuitira kuti kururama kugopiwa kwavari. 12 Uye ndiyewo baba
wavakadzingiswa, avo vasina kudzingiswa bedzi, asi vanofambawo
mumakwara okutenda kwakanga kuna baba vedu Abhurahama vasati
vadzingiswa.

13 Nokuti Abhurahama, nezvizvarwa zvake, haana kupiwa chipikirwa
chokuti achava mugari wenhaka yenyika, kubudikidza nomurayiro, asi
kubudikidza nokururama kunobva pakutenda. 14 Nokuti dai vaya
vanorarama nomurayiro vari ivo vadyi venhaka, kutenda hakuna maturo
uye nechipikirwa chinokoneswa, 15 nokuti murayiro unouyisa kutsamwa.
Uye pasina murayiro hapanawo kudarika.

16 Naizvozvo chipikirwa chinouya nokutenda, kuitira kuti zvive
zvenyasha uye kuti chisimbiswe kuzvizvarwa zvose zvaAbhurahama,
kwete avo vari vomurayiro voga, asi nokuna avo vari vokutenda kwaAb-
hurahama. Ndiye baba vedu tose. 17 Sezvazvakanyorwa zvichinzi:
"Ndakakuita baba vendudzi zhinji." Ndiye baba vedu pamberi paMwari,
uyo waakatenda kwaari, iye Mwari anopa upenyu kuvakafa uye anodana
zvisipo sokunge zviripo.

18 Pasina kana tariro, Abhurahama netariro akatenda uye akava baba
vendudzi zhinji, sezvazvakanga zvarehwa kwaari zvichinzi, "Zvizvarwa
zvako zvichadarowo." 19 Haana kushayiwa simba mukutenda kwake,
paakaona kuti muviri wake wakanga watofa hawo, sezvo akanga ava
namakore anenge zana okuzvarwa, uye kuti chizvaro chaSara chakanga

chafawo. 20 Asi haana kukahadzika nokuda kwokusatenda pamu-
soro pechipikirwa chaMwari, asi akasimbiswa mukutenda kwake uye
akakudza Mwari, 21 achinyatsogutsikana kuti Mwari ane simba rokuita
zvaakanga avimbisa. 22 Ndokusaka “zvakanzi kwaari ndiko kururama.”
23 Mashoko okuti, “zvakanzi kwaari,” haana kunyorerwa iye oga, 24 asi
kwatiriwo, kuna avo vachanzi naMwari vakarurama, kunesu vanotenda
kwaari iye akamutsa Jesu Ishe wedu kubva kuvakafa. 25 Akaiswa kurufu
nokuda kwezvivi zvedu uye akamutswa kuvapenyu nokuda kwokuru-
ramisirwa kwedu.

# 5

*Rugare noMufaro*

1 Naizvozvo, zvatinoruramisirwa nokutenda, tino rugare naMwari
kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu, 2 watakawana naye mapindiro,
nokutenda, munyasha idzi dzatakamira madziri zvino. Uye tinofara
mutariro yokubwinya kwaMwari. 3 Kwete izvozvo bedzi, asi tinofarawo
mumatambudziko edu, nokuti tinoziva kuti kutambudzika kunouyisa
kutsungirira, 4 kutsungirira kunouyisa unhu uye unhu hunouyisa tariro.
5 Uye tariro hainyadzisi nokuti Mwari akadurura rudo rwake mumwoyo
yedu kubudikidza naMweya Mutsvene, uyo waakatipa.

6 Munoona, panguva chaiyo yakafanira, patakanga tisina simba, Kristu
akafira vasingadi Mwari. 7 Hazviwanzoitika kuti munhu afire akarurama,
kunyange zvazvo munhu angaedza kufira munhu akanaka. 8 Asi Mwari
anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti: Tichiri vatadzi, Kristu akatifira.

9 Zvino sezvo takaruramisirwa neropa rake, tichaponeswa zvikuru
sei naye kubva pakutsamwa kwaMwari! 10 Nokuti kana, patakanga
tiri vavengi vaMwari, takayananiswa naye kubudikidza norufu rwoM-
wanakomana wake, tichaponeswa zvikuru sei kubudikidza norufu rwoM-
wanakomana wake, tichaponeswa zvikuru sei kubudikidza noupenyu
hwake, kana tayananiswa! 11 Nokuti hazvisizvo bedzi, asi kuti tinofarawo
muna Mwari nokuna Ishe wedu Jesu Kristu, watakapiwa zvino naye
kuyananiswa.

*Rufu kubudikidza naAdhamu, Upenyu kubudikidza naKristu*

12 Naizvozvo, chivi sezvachakapinda munyika nomunhu mumwe,
norufu rukapinda nechivi, uye nenzira iyi rufu rwakauya kuvanhu vose,
nokuti vose vakatadza, 13 nokuti murayiro usati wapiwa, chivi chakanga
chava munyika. Asi chivi hachiverengwi kana pasina murayiro. 14 Asi rufu
rwakabata ushe kubva panguva yaAdhamu kusvikira panguva yaMozisi,
kunyange pamusoro paavo vasina kutadza nokudarika murayiro, sez-
vakaitwa naAdhamu, akanga ari mufananidzo wouyo akanga achazouya.

15 Asi chipo chokungopiwa hachifanani nokudarika. Nokuti kana
vazhinji vakafa nokudarika kwomunhu mumwe, zvikuru sei nyasha
dzaMwari nechipo chakauya nenyasha dzomunhu mumwe, Jesu Kristu,
dzakadururirwa kuvazhinji! 16 Uye chipo chaMwari hachina kufanana
nomubayiro wechivi chomunhu mumwe akatadza: Nokuti kutongwa
kwakauya nechivi chomunhu mumwe kuti vave nemhosva, asi chipo
chokungopiwa chakatevera kudarika kuzhinji uye chikauyisa kuru-
ramisirwa. 17 Nokuti, kana nokudarika kwomunhu mumwe, rufu rwak-
abata ushe kubudikidza nomunhu iyeye, ko, kuzoti vaya vakagamuchira

nyasha zhinji dzaMwari uye nechipo chokungopiwa chokururama, vacha-
bata ushe zvikuru sei muupenyu kubudikidza nomunhu mumwe, iye Jesu
Kristu.
18 Naizvozvo, nokuda kwokudarika kwomunhu mumwe mhosva
yakapiwa kuvanhu vose, saka naizvozvowo nokuda kwechiito chimwe
chokururama, kururamisirwa kunouyisa upenyu kwakavapo kuvanhu
vose. 19 Nokuti vazhinji sezvavakaitwa vatadzi kubudikidza nokusateerera
kwomunhu mumwe, saka naizvozvowo vazhinji vachaitwa vakarurama
kubudikidza nokuteerera kwomunhu mumwe.
20 Murayiro wakaiswawo kuti kudarika kuwande. Asi panowanda chivi,
nyasha dzinowanda zvikuru nokupfuurisa, 21 kuitira kuti sokubata ushe
kwakaita chivi murufu, naizvozvowo nyasha dzibate ushe kubudikidza
nokururama, kuti dziuyise upenyu husingaperi kubudikidza naJesu Kristu,
Ishe wedu.

# 6

### *Kufa kuchivi, kuva mupenyu muna Kristu*

1 Zvino tichatiiko? Toramba tichiita zvivi here kuti nyasha dziwande?
2 Kwete napaduku pose! Takafa kuzvivi; tingararama sei mazviri
zvakare? 3 Ko, hamuzivi here kuti isu tose vaya vakabhabhatidzwa
muna Kristu Jesu takabhabhatidzwa murufu rwake? 4 Naizvozvo
takavigwa naye kubudikidza nokubhabhatidzwa murufu kuitira kuti,
sokumutswa kwakaitwa Kristu kubva kuvakafa nokubwinya kwaBaba,
nesuwo tirarame upenyu hutsva.
5 Nokuti kana takabatanidzwa naye zvakadai murufu rwake, zvi-
rokwazvo tichabatanawo naye mukumuka kwake. 6 Nokuti tinoziva kuti
munhu wedu wakare akarovererwa pamuchinjikwa pamwe chete naye
kuti muviri wechivi ushayiswe simba, kuti tirege kuvazve varanda vechivi,
7 nokuti uyo anenge afa asunungurwa kubva kuchivi.
8 Zvino kana takafa naKristu, tinotenda kuti tichararamawo pamwe
chete naye. 9 Nokuti sezvo tichiziva kuti Kristu akamutswa kubva
kuvakafa, haachazofizve; rufu harusisina simba pamusoro pake. 10 Rufu
rwaakafa, akafa kuchivi kamwe chete zvikabva zvapera; asi upenyu
hwaanorarama, anoraramira Mwari.
11 Nenzira imwe cheteyo, nemiwo munofanira kuziva kuti makafa
kuchivi, asi muri vapenyu kuna Mwari muna Kristu Jesu. 12 Naizvozvo
musatendera chivi kuti chibate ushe mumuviri wenyu unofa, kuti
muteerere kuchiva kwacho. 13 Musapa mitezo yomuviri wenyu kuchivi,
kuti ive nhumbi dzokuita zvisakarurama, asi zvipei kuna Mwari, savaya
vakabviswa kurufu vachiiswa kuupenyu; uye ipai mitezo yomuviri wenyu
kwaari ive nhumbi dzokururama. 14 Nokuti chivi hachichazovi nesimba
pamusoro penyu, nokuti hamusi pasi pomurayiro, asi pasi penyasha.

### *Varanda voKururama*

15 Zvino tichatiiko? Titadze here nokuti hatisi pasi pomurayiro asi
pasi penyasha. Kwete napaduku pose! 16 Hamuzivi here kuti kana
mukazvipa kuno mumwe munhu kuti mumuteerere savaranda, muri
varanda kuno uyo wamunoteerera, mungava varanda vechivi, chinoen-
desa kurufu kana vokuteerera, kunoendesa kukururama? 17 Asi Mwari

ngaavongwe nokuti, kunyange zvenyu maimbova varanda vechivi, maka-
teerera nomwoyo wenyu wose kurudzi rwedzidziso yamakanga mapiwa.
18 Makasunungurwa kubva kuchivi uye mava varanda vokururama.

19 Ndinotaura izvi nokutaura kwavanhu nokuda kwokushayiwa simba
kwenyama yenyu. Sezvamaingopa mitezo yemiviri yenyu kuuranda
hwokusachena uye nokuipa kunoramba kuchingowanda, saka zvino ipei
kuuranda hwokururama hunoendesa kuutsvene. 20 Pamakanga muri
varanda vechivi, makanga makasununguka kubva pakutonga kwakaru-
rama. 21 Zvino makawaneiko panguva iyoyo kubva pazvinhu zva-
munonyadziswa nazvo, iye zvino? Nokuti kuguma kwazvo ndirwo rufu!
22 Asi zvino makasunungurwa kubva kuchivi uye mava varanda vaMwari,
zvibereko zvamunokohwa zvinoisa kuutsvene, uye kuguma kwazvo ndi-
hwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu. 23 Nokuti mubayiro
wechivi ndirwo rufu, asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu
husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu.

# 7

### *Muenzaniso weWaniso*

1 Hamuzivi here, hama, nokuti ndiri kutaura kuvanhu vanoziva
murayiro, kuti murayiro une simba pamusoro pomunhu panguva yose
yaanenge ari mupenyu chete? 2 Somuenzaniso, mukadzi akawanikwa
akasungwa nomurayiro kumurume wake panguva yose iyo murume
wake anenge ari mupenyu, asi kana murume wake afa, anosunungurwa
kubva pamurayiro wewaniso. 3 Saka zvino, kana akawanikwa nomumwe
murume, murume wake achiri mupenyu, anonzi chifeve. Asi kana
murume achinge afa, asunungurwa kubva pamurayiro, uye haazi chifeve,
kunyange zvake akawanikwa nomumwe murume.

4 Saka, hama dzangu, nemiwo makafa kumurayiro kubudikidza no-
muviri waKristu, kuti muve vomumwe, kuna iye akamutswa kubva
kuvakafa, kuitira kuti tigobereka chibereko kuna Mwari. 5 Nokuti
panguva yataitongwa nenyama, kuchiva kwechivi kwakamutswa nomu-
rayiro kwaibata mumiviri yedu, kuti tibereke chibereko chorufu. 6 Asi
zvino, nokufa kune izvo zvakanga zvakatisunga, takasunungurwa kubva
pamurayiro kuitira kuti tishumire nenzira itsva yoMweya, uye kwete
nenzira yakanyorwa yekare.

### *Kutambudzwa neChivi*

7 Zvino tichatiiko? Murayiro chivi here? Kwete! Zvirokwazvo ndingadai
ndisina kuziva kuti chivi chii dai murayiro wakanga usipo. Nokuti
ndingadai ndisina kuziva kuti kuchiva chii kudai murayiro usina kuti,
"Usachiva." 8 Asi chivi, chakawana mukana kubudikidza nomurayiro,
chakaita mandiri mitoo yose yokuchiva. Nokuti kunze kwomurayiro,
chivi chakafa. 9 Ndaiva mupenyu kare kunze kwomurayiro; asi pakauya
mutemo, chivi chakava noupenyu uye ini ndikafa. 10 Ndakaona kuti iwo
mutemo waifanira kundipa upenyu, wakatozouyisa rufu.

11 Nokuti chivi chichitora mukana wachakawaniswa nomutemo,
chakandinyengera, uye kubudikidza nomutemo chikandiuraya. 12 Saka
naizvozvo, murayiro mutsvene, uye mutemo mutsvene, wakarurama uye
wakanaka. 13 Ko, zvino chakanaka chakazova rufu kwandiri here? Kwete
napaduku pose! Asi kuti chivi chionekwe sechivi, chakabereka rufu

kubudikidza nechakanaka, kuitira kuti kubudikidza nomutemo chivi chive
chakaipa kwazvo.
14 Tinoziva kuti murayiro ndowomweya; asi ini handisi woMweya,
ndakatengeswa senhapwa kuchivi. 15 Handinzwisisi zvandinoita. Nokuti
zvandinoda kuita handizviiti, asi zvandinovenga ndizvo zvandinoita.
16 Uye kana ndikaita zvandisingadi kuita, ndinobvuma kuti murayiro
wakanaka. 17 Saka zvino, handisiri ini ndinozviita, asi chivi chinorarama
mandiri. 18 Ndinoziva kuti hapana chakanaka chinogara mandiri, imo
munyama yangu. Nokuti ndine chido chokuita zvakanaka, asi handigoni
kuzviita. 19 Nokuti zvandinoita hazvisi zvakanaka zvandinoda kuita,
kwete, asi zvakaipa zvandisingadi kuita izvo ndizvo zvandinoramba
ndichiita. 20 Zvino kana ndichiita zvandisingadi kuita, handisini ndinozvi-
ita, asi chivi chinogara mandiri ndicho chinozviita.
21 Saka ndinoona murayiro uyu uchishanda: Kana ndichida kuita
zvakanaka, zvakaipa zviripo pandiri. 22 Nokuti mukatikati mangu
ndinofarira murayiro waMwari; 23 asi ndinoona mumwe murayiro uchis-
handa mumitezo yomuviri wangu, uchirwisana nomurayiro wepfungwa
dzangu uye uchindiita musungwa womurayiro wechivi uri kushanda
mumitezo yangu. 24 Ndiri munhu ari pakutambudzika kwakadii! Ndiani
achandinunura kubva mumuviri uno worufu? 25 Mwari ngaavongwe
kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu!

Saka naizvozvo, ini pachangu, mupfungwa dzangu, ndiri muranda kumurayiro waMwari, asi panyama muranda kumurayiro wechivi.

# 8

### *Upenyu muMweya*

1 Naizvozvo zvino, hakuchina kupiwa mhosva kuna vari muna Kristu
Jesu, 2 nokuti kubudikidza naKristu Jesu murayiro woMweya woupenyu
wakandisunungura kubva pamurayiro wechivi norufu. 3 Nokuti zvakanga
zvisingakwaniswi kuitwa nomurayiro pakushayiswa simba kwawo no-
munhu wechivi, Mwari akazviita nokutuma Mwanakomana wake mu-
mufananidzo wemunhu wechivi kuti ave chipiriso chechivi. Uye
akapa mhosva kuchivi chiri mumunhu wechivi, 4 kuitira kuti kururama
kunodiwa nomurayiro kuzadziswe matiri, isu tisingafambi maererano
nenyama asi maererano noMweya.
5 Nokuti vaya vanorarama namararamiro enyama, pfungwa dzavo
dzinofunga zvinodiwa nenyama; asi vaya vanorarama namararamiro
oMweya, pfungwa dzavo dzinofunga zvoMweya. 6 Nokuti kufunga
kwomunhu wechivi ndirwo rufu, asi kufunga kunotongwa noMweya
ndihwo upenyu norugare; 7 nokuti kufunga kwenyama kunovenga Mwari.
Hakuzviisi pasi pomurayiro waMwari, uye hakugoni kuzviita. 8 Avo
vanotongwa nenyama havagoni kufadza Mwari.
9 Asi imi hamutongwi nenyama asi noMweya, kana Mweya waMwari
achigara mamuri. Uye kana munhu asina Mweya waKristu, haazi
waKristu, 10 Asi kana Kristu ari mamuri, muviri wenyu wakafa nokuda
kwechivi, asi Mweya wenyu mupenyu nokuda kwokururama. 11 Uye kana
Mweya waiye akamutsa Kristu kubva kuvakafa uchigara mamuri, iye
akamutsa Kristu kubva kuvakafa achapawo upenyu kumiviri yenyu inofa
kubudikidza noMweya wake unogara mamuri.

[12] Naizvozvo, hama, tine mungava, asi kwete wenyama, kuti tirarame
maererano nezvainoda. [13] Nokuti kana muchirarama maererano
nezvinodiwa nenyama, muchafa, asi kana muchirarama noMweya mu-
nouraya mabasa akaipa omuviri, uye muchararama, [14] nokuti vaya
vanotungamirirwa noMweya waMwari ndivo vana vaMwari. [15] Nokuti
hamuna kugamuchira mweya wouranda kuti muitwezve varanda
vokutya, asi makagamuchira Mweya wokuitwa vana, uya watinodana
naye tichiti, "Abha, Baba." [16] Mweya amene anopupurirana noMweya
wedu kuti tiri vana vaMwari. [17] Zvino kana tiri vana, naizvozvo tiri vadyi
venhaka pamwe chete naye kuitira kuti tigozokudzwawo pamwe chete
naKristu, kana zvirokwazvo tichitambudzika pamwe chete naye kuitira
kuti tigozokudzwawo pamwe chete naye.

### *Kubwinya kwatichazova nako*

[18] Nokuti ndinoti matambudziko atinawo nguva ino haana ku-
fanira kuenzaniswa nokubwinya kuchazoratidzwa kwatiri. [19] Nokuti
zvisikwa zvinotarisira zvikuru zvichimirira kuratidzwa kwavanakomana
vaMwari. [20] Nokuti zvisikwa zvakaiswa pasi pokudzungaira kukuru,
zvisingadi hazvo, asi nokuda kwaiye akazviisa pasi pokudzungaira,
mutariro [21] yokuti zvisikwa pachazvo zvichazosunungurwa kubva pau-
randa hwokuora uye zvigoiswa pakusunungurwa kwokubwinya kwavana
vaMwari.

[22] Tinoziva kuti zvisikwa zvose zvinogomera sokurwadza kwokuzvara
mwana kusvikira panguva ino. [23] Kwete izvozvo chete, asi nesuwo, vane
zvibereko zvokutanga zvoMweya, tinogomera mukati medu tichimirira
zvikuru kuitwa kwedu vana, iko kudzikinurwa kwemiviri yedu. [24] Nokuti
mutariro iyi takaponeswa. Asi tariro inoonekwa haizi tariro zvachose.
Ndiani anotarisira chaanacho kare? [25] Asi kana tine tariro yechinhu
chatisina, tinochimirira nokutsungirira.

[26] Saizvozvowo, Mweya anotibatsira mukusava nesimba kwedu. Nokuti
hatizivi zvatinofanira kunyengeterera, asi Mweya amene anotinyengeter-
era nokugomera kusingatsananguriki namashoko. [27] Uye iye anonzvera
mwoyo yedu anoziva kufunga kwaMweya, nokuti Mweya anonyengeter-
era vatsvene maererano nokuda kwaMwari.

### *Vakundi nokupfuurisa*

[28] Uye tinoziva kuti muzvinhu zvose Mwari anoita kuti zviitire
zvakanaka kuna avo vanomuda, vaya vakadanwa sezvaakafunga.
[29] Nokuti avo Mwari vaakaziva kare, ndivo vaakatemerawo kare, kuti
vafanane nomufananidzo woMwanakomana wake, kuti agova dangwe
pakati pehama dzake zhinji. [30] Uye vaya vaakatemera kare, ndivo
vaakadanawo; vaya vaakadana, ndivo vaakaruramisirawo; vaya vaakaru-
ramisira, ndivo vaakakudzawo.

[31] Zvino tichatiiko pazvinhu izvi? Kana Mwari ari kurutivi rwedu,
ndiani angatirwisa? [32] Iye asina kuramba noMwanakomana wake, asi
akamupa chose nokuda kwedu tose, angarega seiko kutipawo zvose,
pamwe chete naye? [33] Ndianiko achapa mhosva avo vakasarudzwa
naMwari? Mwari ndiye anoruramisira. [34] Ndianiko achavapa mhosva?
Kristu Jesu, ndiye akafa pamusoro pezvo, ndiye akamutswa akava
mupenyu, ari kurudyi rwaMwari, uye anotinyengetererawo. [35] Ndianiko
achatiparadzanisa norudo rwaKristu? Kutambudzika here, kana nhamo,

kana kutambudzwa, kana nzara, kana kushayiwa zvokupfeka, kana
njodzi, kana munondo? 36 Sezvazvakanyorwa zvichinzi:
“Nokuda kwenyu tinotarisana norufu zuva rose;
tinoitwa samakwai anofanira kubayiwa.”
37 Kwete, pazvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza
naiye akatida. 38 Nokuti ndinoziva kwazvo kuti kunyange rufu, kana
upenyu, kana vatumwa, kana madhimoni, kana zvazvino, kana zvichauya,
kana masimba api zvawo, 39 kana kwakakwirira, kana kwakadzika,
kana chimwe chinhuwo zvacho pazvisikwa zvose, hazvingagoni kuti-
paradzanisa norudo rwaMwari, rwuri muna Kristu Jesu Ishe wedu.

# 9

*Kusarudza kwaMwari*

1 Ndinotaura chokwadi muna Kristu, handirevi nhema, hana yangu
inondipupurira muMweya Mutsvene 2 ndino kusuwa kukuru kwazvo
neshungu dzisingaperi mumwoyo mangu. 3 Nokuti ndinoshuva kuti dai
ini pachangu ndaiva munhu akatukwa uye ndakaparadzaniswa naKristu
nokuda kwehama dzangu, ivo vorudzi rwangu, 4 ivo vanhu veIsraeri.
Kuva vana ndokwavo; nokubwinya ndokwavo, nesungano, nokupiwa
kwomurayiro, nokunamata Mwari mutemberi uye zvipikirwa ndezvavo.
5 Madzibaba ndeavo, uye naKristu akabva kwavari panyama, ari Mwari
pamusoro pazvose, anokudzwa nokusingaperi! Ameni.

6 Hazvirevi kuti shoko raMwari rakakundikana. Nokuti havasi vose
vari zvizvarwa zvaIsraeri vanova vaIsraeri. 7 Uye nokuti zvavari vorudzi
rwake, vose vana vaAbhurahama. Asi zvinonzi, “Kuna Isaka ndiko
kuchatumidzwa rudzi rwako.” 8 Namamwe mashoko, havasi vana
panyama vanova vana vaMwari, asi vana vechipikirwa ndivo vanonzi
vana vaAbhurahama. 9 Nokuti aya ndiwo mashoko echipikirwa: “Panguva
yakatarwa ndichauya, uye Sara achava nomwanakomana.”

10 Kwete izvozvo zvoga, asi kuti naRabhekawo akava navana vomunhu
mumwe uye baba vamwe, baba vedu Isaka. 11 Asi mapatya asati
azvarwa, vasati vaita chakanaka kana chakaipa, kuitira kuti kuda
kwaMwari pakusarudza kwake kusimbiswe, 12 kwete nokuda kwamabasa
asi nokuda kwake iye anodana, akaudzwa kuti, “Mukuru achava muranda
womuduku.” 13 Sezvazvakanyorwa zvichinzi: “Jakobho ndakamuda, asi
Esau ndakamuvenga.”

14 Zvino tichatiiko? Mwari haaruramisiri here? Kwete napaduku!
15 Nokuti anoti kuna Mozisi:
“Ndichanzwira ngoni wandichanzwira ngoni,
uye ndichaitira tsitsi wandichaitira tsitsi.”
16 Naizvozvo, hazvibvi pashungu kana pamabasa omunhu, asi patsitsi
dzaMwari. 17 Nokuti Rugwaro runoti kuna Faro, “Ndakakumutsira
chikonzero ichochi, kuti ndiratidze simba rangu mauri uye kuti zita
rangu rigoparidzwa panyika yose.” 18 Naizvozvo Mwari anonzwira
ngoni waanoda kunzwira ngoni, uye anoomesa mwoyo wouyo waanoda
kuomesa.

19 Mumwe wenyu angati kwandiri, “Zvino sei Mwari achiramba achitipa
mhosva? Nokuti ndianiko acharamba kuda kwake?” 20 Zvino iwe
munhu, ndiwe aniko, kuti upindure Mwari? “Chakaumbwa chingati kune
akachiumba, ‘Wakandiitirei zvakadai?’ ” 21 Muumbi wehari haana simba

pamusoro pevhu here, kuti nebundu rimwe chetero aite mimwe midziyo
inokudzwa nemimwe midziyo isingakudzwi?
22 Ko, kana Mwari akasarudza kuratidza kutsamwa kwake, uye kuti
azivise simba rake, akaita nomwoyo murefu zvikuru pamusoro pemidziyo
yokutsamwira kwake, yakagadzirirwa kuparadzwa? 23 Kana akaita
izvi kuti azivise kupfuma kwokubwinya kwake kumidziyo yengoni,
avo vaakagadzirira kare kubwinya, 24 kunyange isu, vaya vaakadana,
kwete kubva kuvaJudha chete asi nokubva kune veDzimwe Ndudziwo?
25 Sezvaanotaura mubhuku raHosea achiti:

"Ndichavati 'vanhu vangu' vaya vakanga vasiri vanhu vangu;
uye ndichamuti, 'mudikanwi wangu' iye akanga asiri mudikanwi wangu,"

26 uye,

Zvichaitika kuti paya painzi kwavari,
"Hamusi vanhu vangu;
vachanzi 'vanakomana vaMwari mupenyu.' "

27 Uye Isaya anodanidzira pamusoro peIsraeri, achiti:

"Kunyange kuwanda kwavaIsraeri kwakaita sejecha regungwa,
vakasara chete ndivo vachaponeswa.

28 Nokuti Ishe achaisa
mutongo wake panyika nokukurumidza uye achaupedzisa."

29 Zvakaita sezvakarehwa kare naIsaya achiti:

"Dai asiri Jehovha Wamasimba Ose
akatisiyira zvizvarwa,
tingadai takaita seSodhomu
tingadai takaita seGomora."

*Kusatenda kweIsraeri*

30 Zvino tichatiiko? Tichati veDzimwe Ndudzi vasina kutsvaka ku-
rurama, ndivo vakakuwana, iko kururama kwokutenda; 31 asi vaIs-
raeri vakatevera murayiro wokurarama, havana kukuwana. 32 Seiko
zvakadaro? Nokuti havana kuutevera nokutenda asi sokunge namabasa
avo. Vakagumburwa neibwe "rinogumbusa." 33 Sezvazvakanyorwa
zvichinzi:

"Tarira, ndinoisa paZioni ibwe rinogumbusa kuvanhu,
nedombo rinovapinganidza kuti vawe,
uye uyo anotenda kwaari haazonyadziswi."

# 10

1 Hama, kuda kwomwoyo wangu nokunyengetera kwangu kuna Mwari
pamusoro pavaIsraeri ndekwokuti vaponeswe. 2 Nokuti ndinovapupurira
kuti vanoshingairira Mwari, asi kushingairira kwavo havakuiti nokuziva.
3 Nokuti, sezvo vakanga vasingazivi kururama kunobva kuna Mwari
uye vakatsvaka kumisa kururama kwavo pachavo, havana kuzviisa pasi
pokururama kwaMwari. 4 Nokuti Kristu ndiye mugumo womurayiro,
kuitira kuti mumwe nomumwe anotenda aruramiswe.
5 Mozisi anonyora pamusoro pokururama kwomurayiro, achiti, "Munhu
anoita zvinhu izvi achararamiswa nazvo." 6 Asi kururama kunobva
pakutenda kunoreva kudai, "Usati mumwoyo mako, 'Ndianiko achakwira
kudenga' (ndiko kuburutsa Kristu) 7 kana, kuti, 'Ndianiko achaburukira
kwakadzika?' (ndiko, kubudisa Kristu kubva kuvakafa)." 8 Asi iwo unoti
chiiko? "Shoko riri pedyo newe, mumuromo mako uye nomumwoyo

mako," ndiro shoko rokutenda ratinoparidza: 9 Kuti kana ukapupura
nomuromo wako kuti, "Jesu ndiye Ishe" uye ukatenda mumwoyo mako
kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa. 10 Nokuti
unotenda nomwoyo wako ugoruramisirwa, uye unopupura nomuromo
wako ugoponeswa. 11 Sezvinorehwa noRugwaro ruchiti: "Ani naani
anotenda kwaari haanganyadziswi." 12 Nokuti hapana musiyano pakati
pomuJudha noweDzimwe Ndudzi, nokuti Ishe mumwe ndiye Ishe wavose
uye anovaropafadza kwazvo vose vanodana kwaari, 13 nokuti "Ani naani
anodana kuzita raShe achaponeswa."

14 Zvino, vachagodana seiko kuna iye wavasina kutenda kwaari? Uye
vangatenda sei kuna iye wavasina kumbonzwa? Vanganzwa seiko kana
kusina anovaparidzira? 15 Uye vangaparidza seiko kana vasina ku-
tumwa? Sezvazvakanyorwa zvichinzi: "Dzakanaka sei tsoka dzavanouya
namashoko akanaka!"

16 Asi havasi vaIsraeri vose vakagamuchira mashoko akanaka. Nokuti
Isaya anoti, "Ishe, ndianiko akatenda zvatakaparidza?" 17 Naizvozvo,
kutenda kunouya nokunzwa, uye kunzwa neshoko raKristu. 18 Asi
ndinobvunza kuti: Havana kunzwa here? Zvirokwazvo vakanzwa, nokuti:

"Inzwi ravo rakasvika kunyika yose,
namashoko avo kumigumo yenyika."

19 Ndinobvunzazve kuti: Israeri haina kunzwa here? Pakutanga Mozisi
anoti,

"Ndichamutsa godo renyu norudzi rusati rwuri rudzi;
ndichamutsa kutsamwa kwenyu norudzi rusinganzwisisi."

20 Uye Isaya, asingatyi anoti,

"Ndakawanikwa navasina kunditsvaka;
ndakazviratidza kuna vaya vasina kunditsvaka."

21 Asi pamusoro peIsraeri anoti,

"Zuva rose ndakatambanudza maoko angu
kuvanhu vasingateereri, uye vanokakavara."

# 11

*Vakasara vavaIsraeri*

1 Zvino ndinobvunza ndichiti: Mwari akarasa vanhu vake here? Kwete
napaduku pose! Nokuti ini pachangu ndiri muIsraeri, chizvarwa chaAb-
hurahama, ndiri worudzi rwaBhenjamini. 2 Mwari haana kurasa vanhu
vake, avo vaakaziva pakutanga. Hamuzivi here zvinorehwa noRugwaro
pandima inotaura nezvaEria, kuti akakumbira sei kuna Mwari pamusoro
peIsraeri achiti, 3 "Ishe vakauraya vaprofita venyu uye vakaputsa aritari
dzenyu; ndini ndoga ndasara, uye vari kuedza kundiuraya"? 4 Uye
Mwari akamupindura achiti kudiniko? "Ndakazvichengetera varume
zviuru zvinomwe vasina kupfugamira Bhaari." 5 Saizvozvowo, panguva
ino varipo vakasara, vakasanangurwa nenyasha. 6 Uye kana zvava
zvenyasha, saka hazvichisiri zvamabasa; kana dai zvaiva zvakadaro,
nyasha hadzaizova nyasha.

7 Zvino tichatiiko? Zvakatsvakwa navaIsraeri nokushingaira havana
kuzviwana, asi vasanangurwa ndivo vakazviwana. Vamwe vakaomeswa
mwoyo, 8 sezvazvakanyorwa zvichinzi:

"Mwari akavapa mweya wehope,
meso kuti vasaona,
nzeve kuitira kuti vasanzwa,

kusvikira nanhasi uno."
9 Uye Dhavhidhi anoti:

"Tafura yavo ngaive musungo neriva,
nechigumbuso uye nechinotsiva kwavari.
10 Meso avo ngaasvibirwe kuti vasaona;
uye mukotamise misana yavo nokusingaperi."

*Mapazi akasimwa pane mimwe miti*

11 Zvakare ndinobvunza ndichiti: Ko, vakagumbuswa vakawa
zvokusazomukazve here? Kwete napaduku pose! Asi kuti nokuwa kwavo
ruponeso rwakauya kune veDzimwe Ndudzi kuti Israeri ive negodo.
12 Zvino kana kudarika kwavo kuchipfumisa nyika, uye kurasikirwa
kwavo kuchireva pfuma kune veDzimwe Ndudzi, kuzara kwavo kuchauy-
isa pfuma yakakura zvakadii!

13 Ndiri kutaura kwamuri imi veDzimwe Ndudzi. Sezvandiri mupostori
weveDzimwe Ndudzi, ndinokudza ushumiri hwangu 14 netariro yokuti
zvimwe ndingamutsa godo kuvanhu vangu uye ndiponese vamwe vavo.
15 Nokuti kana kuraswa kwavo kuri kuyananiswa kwenyika, ko, kuga-
muchirwa kwavo kuchagoveiko, asi upenyu kubva kurufu? 16 Zvino
kana chikamu chechikanyiwa chakapiwa sechibereko chokutanga chiri
chitsvene, saka chikanyiwa chose chitsvene; kana mudzi uri mutsvene
namatavi acho akadarowo.

17 Kana mamwe matavi akavhuniwa, uye imi, kunyange muri muorivhi
wokudondo, wakabatanidzwa pakati pamamwe, zvino mava nomugove
pamwe chete nawo kubva pamudzi womuorivhi, 18 musazvikudza pamu-
soro pamatavi ayo. Kana muchizvikudza murangarire izvi: Hamuzimi
makatakura mudzi, asi kuti mudzi ndiwo wakakutakurai. 19 Zvino iwe
uchati, "Matavi akavhuniwa kuti ini ndibatanidzwe." 20 Ndizvozvo. Asi
akavhuniwa nokuda kwokusatenda, uye iwe unomira nokutenda kwako.
Usazvikudza, asi uve nokutya. 21 Nokuti kana Mwari asina kurega matavi
okutanga, haangakuregi newewo.

22 Naizvozvo nyatsofunga pamusoro pounyoro nokukasharara
kwaMwari; kukasharara kuna vakawa, asi unyoro kwauri, kana
ukaramba uchifamba muunyoro hwake. Kana zvikasadaro newewo
uchatemwa. 23 Uye kana vakasarambirira pakusatenda, vachabatanidzwa,
nokuti Mwari anogona kuvabatanidza zvakare. 24 Nokuti, kana iwe
wakatemwa kubva pamuorivhi womumunda pakusikwa kwawo, uye
ukabatanidzwa pamuorivhi womumunda zvichipesana namasikirwo
azvo, ko, kuzoti ayo agara ari epo achazofara sei kuti abatanidzwezve
mumuti wawo womuorivhi?

*Israeri yose ichaponeswa*

25 Hama dzangu, handidi kuti musaziva, chakavanzika ichi, kuti murege
kuva namanyawi: vaIsraeri vakaomeswa mwoyo kusvikira veDzimwe
Ndudzi vakakwana vapinda. 26 Naizvozvo Israeri yose ichaponeswa,
sezvazvakanyorwa zvichinzi:

"PaZioni pachabuda musununguri;
achabvisa kusada Mwari kuna Jakobho.
27 Uye iyi ndiyo sungano yangu navo
kana ndabvisa zvivi zvavo."

28 Kana zviri zvevhangeri, ivo vavengi nokuda kwenyu; asi kana kuri ku-
sanangurwa, vadikanwi nokuda kwamadzibaba, 29 nokuti zvipo zvaMwari

nokudana kwake hazvishandurwi. 30 Nokuti sezvo imi makanga musin-
gateereri Mwari pane imwe nguva magamuchira ngoni zvino nokuda
kwokusateerera kwavo, 31 saizvozvo naivowo zvino havachateereri kuitira
kuti vagamuchire ngoni nokuda kwengoni dzaMwari kwamuri. 32 Nokuti
Mwari akapfigira vanhu vose pakusateerera kwavo, kuti avanzwire ngoni
vose.

### *Mamwe Mashoko*

33 Haiwa, udzamu hwokupfuma kwouchenjeri noruzivo rwaMwari!
Kutonga kwake hakunganzverwi, uye makwara ake haangarondwi!
34 "Ndianiko akaziva pfungwa dzaShe?
Kana akava mupi wake wamazano?"
35 "Ndianiko akambopa kuna Mwari
kuti Mwari angamuripirazve?"
36 Nokuti zvose zvinobva kwaari uye zviripo kubudikidza naye uye zvose
ndezvake.
Ngaave nokubwinya nokusingaperi! Ameni.

# 12

### *Chibayiro Chipenyu*

1 Naizvozvo, ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, netsitsi
dzaMwari, kuti mupe miviri yenyu sechibayiro chipenyu, chitsvene
uye chinofadza Mwari, uku ndiko kunamata kwenyu kwomweya.
2 Musaramba muchizvienzanisa namaitiro enyika ino, asi mushandurwe
nokuvandudzwa kwepfungwa dzenyu. Ipapo muchakwanisa kuti muedze
uye mugoziva kuti kuda kwaMwari ndokupi, kuda kwake kwakanaka,
kunomufadza uye kwakakwana.

3 Nokuti nenyasha dzandakapiwa ndinoti kuno mumwe nomumwe
wenyu: Usazviisa pamusoro kupfuura paunofanira kunge uri, asi
ufunge nokufunga kwakachenjera, maererano nechiyero chokutenda
chawakapiwa naMwari. 4 Nokuti sezvatino muviri mumwe une mitezo
mizhinji, uye mitezo iyi yose haina basa rimwe chete, 5 saizvozvowo
muna Kristu isu tiri vazhinji, tinoumba muviri mumwe chete, uye mutezo
mumwe nomumwe mutezo wavamwe. 6 Tine zvipo zvakasiyana-siyana,
maererano nepatakapiwa napo nyasha. Kana chipo chomunhu kuri
kuprofita, ngaachishandise maererano nokutenda kwake. 7 Kana kuri
kushumira ngaashumire; kana kuri kudzidzisa, ngaadzidzise; 8 kana kuri
kukurudzira, ngaakurudzire; kana kuri kupa kuna vanoshayiwa, ngaape
nomwoyo wose; kana kuri kutungamirira, ngaabate nokushingaira; kana
kuri kunzwira ngoni, ngaaite nomufaro.

### *Rudo*

9 Rudo ngaruve rwechokwadi. Vengai zvakaipa; namatirai pane
zvakanaka. 10 Ivai norudo rukuru mumwe kuno mumwe savadikani.
Mumwe nomumwe wenyu ngaakudze mumwe kupfuura kuzvikudza
kwaanozviita iye. 11 Musatomborega kushingaira, asi pisai pamweya,
muchishumira Ishe. 12 Farai mutariro, tsungirirai pakutambudzika,
rambai muchinyengetera. 13 Goveranai navanhu vaMwari vanoshayiwa.
Itirai vaeni rudo.
14 Ropafadzai vanokutambudzai; ropafadzai musatuka. 15 Farai na-
vanofara; chemai navanochema. 16 Garai zvakanaka mumwe nomumwe.

Musazvikudza, asi muve nechido chokufambidzana navanhu vapasi pasi. Musazviita vakachenjera.

17 Musatsiva munhu chakaipa nechakaipa. Chenjererai kuti muite
zvakanaka pamberi pavanhu vose. 18 Kana zvichibvira, napamunogona
napo, ivai norugare navanhu vose. 19 Musatsiva, vadikani vangu,
asi siyirai kutsamwa kwaMwari mukana, nokuti kwanyorwa kuchinzi, "Kutsiva ndokwangu; ini ndicharipira," ndizvo zvinotaura Ishe. 20 Asi:
"Kana muvengi wako ane nzara mupe zvokudya,
kane ane nyota mupe chokunwa.
Mukuita izvi, uchatutira mazimbe anopisa pamusoro wake."
21 Usakundwa nezvakaipa, asi ukunde zvakaipa nezvakanaka.

# 13

*Kuzviisa pasi paVabati*

1 Munhu wose anofanira kuzviisa pasi pavatungamiri venyika, nokuti
hakuna simba risina kubva kuna Mwari. Vane simba rokutonga
vakaiswapo naMwari. 2 Saka naizvozvo, anoramba kuteerera vari kutonga, ari kumukira zvakaiswapo naMwari, uye vanoita izvi vanozvitsvagira kutongwa. 3 Nokuti vatongi havatyisi vaya vanoita zvakanaka,
asi vanotyisa vaya vanoita zvakaipa. Unoda kusunungurwa here kuti usatya ane simba rokutonga? Ipapo ita zvakanaka uye achakurumbidza.
4 Nokuti iye muranda waMwari anofanira kuti akuitire zvakanaka. Asi kana ukaita zvakaipa, itya, nokuti iye haabati munondo pasina. Nokuti iye ndiye muranda waMwari, mutumwa wokutsamwa, anoranga vaiti
vezvakaipa. 5 Naizvozvo, zvinokosha kuzviisa pasi pavabati, kwete
nokuti tinotya kurangwa chete, asi nokuda kwehanawo. 6 Ndokusaka
muchiripawo mitero, nokuti vabati varanda vaMwari, vanopa nguva
yavo yose pakutonga. 7 Ripirai vose vamunofanira kuripira: Kana uri
mutero, ripai mutero; kana iri miripo, ngairipwe, kana kuri kutya, kuna vanofanira kutyiwa, kana rwuri rukudzo, kuna vanofanira kukudzwa.

*Ivai norudo nokuti Zuva rava pedyo*

8 Musava nechikwereti kumunhu, kunze kwechikwereti chorudo
mumwe kuno mumwe, nokuti anoda mumwe azadzisa murayiro. 9 Nokuti
mirayiro inoti, "Usaita upombwe," "Usauraya," "Usaba", "Usachiva," uye kana mumwe murayiro upi noupi zvawo ungavako, zvakaunganidzwa
pamutemo unoti, "Ida muvakidzani wako sezvaunozvida iwe." 10 Rudo
haruitiri muvakidzani zvakaipa. Naizvozvo rudo runozadzisa murayiro.

11 Uye itai izvi, muchinzwisisa nguva ino. Nguva yasvika zvino yokuti mupepuke kubva kuhope, nokuti ruponeso rwedu rwava pedyo
zvino kupfuura zuva ratakatanga kutenda. 12 Usiku hwava kutopfuura;
kwava kutoedza. Saka ngatirasei mabasa edu erima uye tipfeke nhumbi
dzokurwa dzechiedza. 13 Ngatiraramei zvakafanira mararamiro apamasikati, tisingaiti kutamba kwakaipa uye nokudhakwa, kana upombwe,
kana utere, kana gakava kana godo. 14 Asi pfekai Ishe Jesu Kristu, uye
musatsvaka kufadza nyama pakuchiva kwayo.

# 14

*Vakasimba navasina kusimba pakutenda*

1 Mugamuchire uyo asina kusimba pakutenda kwake, musingamutongi
kana kuita gakava naye pamusoro penyaya dzisingapindirani. 2 Kutenda
kwomumwe kunomutendera kudya zvose, asi mumwe munhu ano
kutenda kusina kusimba, anodya muriwo bedzi. 3 Munhu anodya zvose
ngaarege kuzvidza asingadyi, uye munhu asingadyi zvose ngaarege kupa
mhosva munhu anodya, nokuti Mwari akamugamuchira. 4 Iwe ndiwe
aniko unopa muranda womumwe mhosva? Iye anomira kana kuti anowa
pamberi patenzi wake. Uye achamira, nokuti Ishe anokwanisa kuita kuti
amire.

5 Mumwe munhu anokoshesa rimwe zuva kupfuura rimwe: mumwe
munhu anoti mazuva ose akafanana. Mumwe nomumwe ngaazvizivire
kwazvo mumwoyo make. 6 Uyo anokoshesa zuva rimwe, anozviitira Ishe.
Uyo anodya nyama, anodya nokuda kwaShe, nokuti anovonga Mwari;
uye naiye anorega kudya, anorega nokuda kwaShe, uye anovonga Mwari.
7 Nokuti hakuna mumwe wedu anozviraramira pachake, uye hakuna
mumwe wedu anozvifira iye pachake. 8 Kana tichirarama, tinoraramira
Ishe; uye kana tichifa tinofira Ishe. Saka, kana tichirarama kana kufa tiri
vaShe.

9 Nokuda kwaizvozvo, Kristu akafa uye akamuka kuti ave Ishe wavose
vakafa navapenyu. 10 Naizvozvo, iwe, unopireiko hama yako mhosva?
Kana newewo unozvidzireiko hama yako? Nokuti tose tichamira pamberi
pechigaro chokutonga chaMwari. 11 “Nokuti kwakanyorwa kuchinzi:

“ ‘Zvirokwazo noupenyu hwangu,’ ndizvo zvinotaura Ishe,
‘ibvi rimwe nerimwe richapfugama pamberi pangu;
rurimi rumwe norumwe ruchareurura kuna Mwari.’ ”
12 Saka, naizvozvo mumwe nomumwe wedu achazvidavirira kuna Mwari.

13 Naizvozvo ngatiregei kuramba tichipana mhosva. Asi munhu
ngaarege kuisa chigumbuso kana chipinganidzo munzira yehama yake.
14 Somunhu ari muna Ishe Jesu, ndinoziva kwazvo kuti hakuna chokudya
chine tsvina. Asi kana mumwe munhu akati chakasvibiswa, naizvozvo
hachina kuchena kwaari. 15 Kana hama yako ichikanganiswa nokuda
kwezvaunodya, iwe hauchafambi murudo. Usaparadza hama yako,
iyo yakafirwa naKristu, nokuda kwezvokudya. 16 Usatendera kuti
zvaunoti zvakanaka zvinzi zvakaipa. 17 Nokuti umambo hwaMwari
hahuzi zvokudya kana zvokunwa, asi kururama norugare uye nomufaro
muMweya Mutsvene, 18 nokuti ani naani anoshumira Kristu nenzira iyi
anofadza Mwari, uye anotendwa navanhu.

19 Naizvozvo ngatishingairirei kutsvaga izvo zvinouyisa rugare uye
zvatingasimbisana nazvo.

20 Musaparadza basa raMwari nokuda kwezvokudya. Zvokudya zvose
zvakachena, asi hazvina kunaka kuti munhu adye chinhu chipi zvacho
chingagumbusa mumwe munhu. 21 Zviri nani kusadya nyama kana
kusanwa waini kana kusaita chimwe chinhu chinoita kuti hama yako iwe.

22 Saka zvose zvaunotenda pamusoro pezvinhu izvi ngazvive pakati
pako naMwari. Akaropafadzwa munhu asingazvipi mhosva pazvinhu
zvaanotenda. 23 Asi munhu anonyunyuta ava nemhosva kana akadya
nokuti kudya kwake hakusi kwokutenda; uye zvinhu zvose zvisingabvi
pakutenda chivi.

# 15

[1] Isu tine simba tinofanira kutakura kukundikana kwavasina simba
uye tisingazvifadzi. [2] Mumwe nomumwe wedu anofanira kufadza mu-
vakidzani wake pane zvakanaka, zvinomuvaka. [3] Nokuti kunyange Kristu
haana kuzvifadza asi, sezvazvakanyorwa zvichinzi, "Kutuka kwaavo
vakakutuka kwakawira pamusoro pangu." [4] Nokuti zvose zvakanyorwa
kare zvakanyorerwa kuti zvidzidzise isu, kuitira kuti, kubudikidza nokut-
sungirira nokukurudzira kwamagwaro, tive netariro.

[5] Mwari anopa kutsungirira nokukurudzira ngaakupei mweya wokuva
nomwoyo mumwe pakati penyu pamunenge muchitevera Kristu Jesu,
[6] kuti mukudze Mwari naBaba waIshe wedu Jesu Kristu nomwoyo mumwe
uye nomuromo mumwe.

[7] Naizvozvo, gamuchiranai, sezvamakagamuchirwa naKristu, kuti
Mwari arumbidzwe. [8] Nokuti ndinoti kwamuri Kristu akava muranda
wavaJudha akamirira zvokwadi yaMwari, kuti asimbise zvakapikirwa
madzibaba [9] kuti veDzimwe Ndudzi vakudze Mwari nokuda kwengoni
dzake, sezvazvakanyorwa zvichinzi:

"Naizvozvo ndichakurumbidzai pakati peveDzimwe Ndudzi;
ndichaimbira zita renyu nziyo."

[10] Uyezve zvinonzi,

"Farai imi veDzimwe Ndudzi, pamwe chete navanhu vake."

[11] Uyezve,

"Rumbidzai Ishe, imi mose veDzimwe Ndudzi,
uye muimbirei nziyo dzokurumbidza, imi marudzi ose."

[12] Uyezve, Isaya anoti,

"Mudzi waJese uchatunga,
iye achamuka kuzotonga pamusoro pendudzi dzose;
veDzimwe Ndudzi vachava netariro maari."

[13] Mwari wetariro ngaakuzadzei nomufaro wose norugare pa-
munovimba naye, kuti muve netariro izere, nesimba raMweya Mutsvene.

*Pauro mushumiri kune veDzimwe Ndudzi*

[14] Ini pachangu ndinoziva kwazvo, hama dzangu, kuti imi pachenyu
muzere nokunaka, makakwana muruzivo uye munogona kudzidzisana.
[15] Ndakunyorerai nokushinga kwazvo pamusoro pezvimwe zvinhu, sendi-
nokuyeuchidzai zvakare, nokuda kwenyasha dzandakapiwa naMwari
[16] kuti ndive mushumiri waKristu Jesu kune veDzimwe Ndudzi, ane basa
rouprista rokuparidza vhangeri raMwari, kuitira kuti veDzimwe Ndudzi
vagova chipiriso chinogamuchirwa kuna Mwari, chakanatswa naMweya
Mutsvene.

[17] Naizvozvo ndinozvirumbidza muna Kristu Jesu muushumiri hwangu
kuna Mwari. [18] Nokuti handingatauri zvimwe zvinhu kunze kwezv-
inhu zvakaitwa naKristu kubudikidza neni mukutungamirira veDzimwe
Ndudzi kuti vateerere Mwari nokuda kwezvandakataura uye ndikaita,
[19] nesimba rezviratidzo nezvishamiso, kubudikidza nesimba roMweya.
Saka kubva kuJerusarema kusvika kwose kunyika yakapoteredza,
kusvikira kuIrikumi, ndakaparidza kwazvo vhangeri raKristu. [20] Chagara
chiri chishuwo changu kuti ndiparidze vhangeri kunzvimbo dzisati
dzaziva Kristu, kuti ndisavaka pamusoro penheyo dzomumwe munhu.
[21] Asi sezvazvakanyorwa zvichinzi:

"Avo, vakanga vasina kuudzwa nezvake vachaona,
uye naivo vasina kunzwa vachanzwisisa."

[22] Ndokusaka ndakadziviswa kazhinji kuuya kwamuri.

*Urongwa hwaPauro hwokushanyira Roma*

[23] Asi zvino hapasisinazve imwe nzvimbo yandingashanda mumatunhu
aya, uye sezvo pava namakore mazhinji ndichida kuuya kwamuri,
[24] ndine urongwa hwokuita izvi pandichaenda kuSipeini. Ndinovimba
kuti ndichakushanyirai pandichapfuura noko uye kuti muzondibatsira
parwendo rwangu ikoko, mushure mokunge ndambofadzwa nokuva
nemi kwechinguva. [25] Asi, zvino ndiri parwendo rwangu rwokuenda
kuJerusarema kundoshumira vatsvene variko. [26] Nokuti veMasedhonia
neveAkaya vakafadzwa kuti vagovane navarombo pakati pavatsvene
vari muJerusarema. [27] Nokuti vakaona zvakanaka kuti vaite izvi, uye
zvirokwazvo vane ngava kuti vavaitire izvi. Nokuti kana veDzimwe
Ndudzi vakagovanawo pazvinhu zvoMweya zvavaJudha, vane ngavawo
kuvaJudha kuti vagoverane navo pazvinhu zvavo zvenyika ino. [28] Saka
mushure mokunge ndapedza kuita basa iri uye ndaona kuti vagamuchira chibereko ichi, ndichaenda kuSipeini uye ndichakushanyirai
parwendo rwangu. [29] Ndinoziva kuti pandichauya kwamuri, ndichauya
nokuropafadza kwakazara kwaKristu.

[30] Ndinokukumbirai zvikuru, hama dzangu, naShe wedu Jesu Kristu uye
norudo rwoMweya, kuti murwe pamwe chete neni nokundinyengeterera
kuna Mwari. [31] Nyengeterai kuti ndinunurwe kune vasingatendi vari
muJudhea uye kuti ushumiri hwangu muJerusarema hugamuchirwe
navatsvene variko, [32] kuti ndiuye kwamuri nomufaro nokuda kwaMwari
uye kuti ndimutsiridzwe pamwe chete nemi. [33] Mwari worugare ngaave
nemi mose. Ameni.

# 16

*Kwaziso*

[1] Ndinoreverera kwamuri hanzvadzi yedu Febhi, muranda wekereke iri
paSeniseria. [2] Ndinokukumbirai kuti mumugamuchire muna She sezvinofanira vatsvene uye mumubatsire pazvinhu zvose zvaangashayiwa, nokuti akabatsira zvikuru vanhu vazhinji, kusanganisira neniwo.

[3] Kwazisai Pirisira naAkwira, vanobata neni muna Kristu Jesu. [4] Vakaisa upenyu hwavo panjodzi nokuda kwangu. Kwete ini ndoga asi kuti nekereke dzose dzavaHedheni dzinovatenda zvikuru.
[5] Kwazisaiwo kereke inosangana mumba mavo.
Kwazisai Epenetasi mudikani wangu, ndiye akava chibereko changu chokutanga muna Kristu munyika yeEzhia.
[6] Kwazisai Maria, akakushandirai kwazvo.
[7] Kwazisai Adhironikasi naJuniasi, hama dzangu vakanga vari mutorongo pamwe chete neni. Vakakurumbira pakati pavapostori, uye vakanditangirawo kuva muna Kristu.
[8] Kwazisai Amupiratasi, uyo wandinoda muna She. [9] Kwazisai Uribhanusi, anobata nesu muna Kristu, uye naSitakisi mudikani wangu.
[10] Kwazisai Aperesi, akaedzwa uye akaonekwa akakwana muna Kristu.
Kwazisai vemhuri yokwaAristobhurusi.
[11] Kwazisai Herodhioni, hama yangu.
Kwazisai vari mumhuri yokwaNakisasi vari muna She.
[12] Kwazisai Tirifena naTirifosa, vakadzi vanobata nesimba muna She.

Kwazisai mudikani wangu wepamwoyo Perisisi, mumwe mukadzi anobata nesimba muna She.
13 Kwazisai Rufusi, akasanangurwa muna She uye namai vake, vakanga vari mai vanguwo.
14 Kwazisai Asingiritasi, naFeregoni, naHerimesi, naPatirobhasi, naHerimasi, uye nehama dzavanadzo.
15 Kwazisai Firorogasi naJuria, naNerea nehanzvadzi yake naOrimbasi uye navatsvene vose vavanavo.
16 Kwazisanai nokutsvodana kutsvene.
Kereke dzose dzaKristu dzinokukwazisai.

17 Ndinokukumbirai zvikuru, hama dzangu, kuti muchenjerere vaya
vanopesanisa uye vanoisa zvigumbuso pamberi penyu vanopikisana
nedzidziso yamakadzidza imi. Muve kure navo. 18 Nokuti vanhu
vakadaro havasi kushumira Ishe wedu Kristu, asi dumbu ravo. Nokutaura
kwakanaka uye nokubata kumeso, vanonyengera vanhu vane pfungwa
dzisina uchenjeri. 19 Vanhu vakanzwa zvokuteerera kwenyu, naizvozvo
ndine mufaro mukuru pamusoro penyu; asi ndinoda kuti muve vakachenjera pane zvakanaka, uye muve vasina chavanopomerwa pane zvakaipa.

20 Mwari worugare achakurumidza kupwanya Satani pasi petsoka dzenyu.

Nyasha dzaIshe wedu Jesu ngadzive nemi.

21 Timoti, anobata neni, anokukwazisai, sezvinoita Rusiasi naJasoni naSosipata, hama dzangu.
22 Ini Teritiasi, ndanyora tsamba iyi ndinokukwazisai muna She.
23 Gayasi, uyo akandigamuchira ini nekereke yose iri kuno, anokukwazisai.
Erastasi mubati wehomwe yemari yeguta nehama yedu Kwatosi vanokukwazisai.
24 Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu ngadzive nemi mose. Ameni.

25 Zvino kuna iye anogona kukusimbisai nevhangeri rangu, uye noku-
paridzwa kwaJesu Kristu, maererano nokuzarurwa kwechakanga chaka-
vanzika kwamakore namakore akapfuura, 26 asi zvino chakaratidzwa
uye chikaziviswa kubudikidza nezvinyorwa zvavaprofita nokurayira
kwaMwari anogara nokusingaperi, kuti ndudzi dzose dzigomuteerera uye
dzimutende, 27 kuna iye oga Mwari akachenjera ngakuve nokubwinya
nokusingaperi kubudikidza naJesu Kristu. Ameni.

# 1 VAKORINDE

1 Pauro, akadanwa nokuda kwaMwari, kuti ave mupostori waKristu
Jesu, naSositeni hama yedu, 2 kukereke yaMwari iri muKorinde, kuna vaya
vakaitwa vatsvene muna Kristu Jesu uye vakadanwa kuti vave vatsvene
pamwe chete navose vari kwose kwose vanodana kuzita raIshe wedu Jesu
Kristu, Ishe wavo nowedu:

3 Nyasha norugare ngazvive nemi zvinobva kuna Mwari Baba vedu
naShe Jesu Kristu.

*Kuvonga*

4 Ndinogara ndichivonga Mwari nguva dzose nokuda kwenyasha
dzake pamusoro penyu muna Kristu Jesu. 5 Nokuti maari makap-
fumiswa pazvinhu zvose, mukutaura kwenyu kwose uye nomu-
ruzivo rwenyu rwose, 6 nokuti uchapupu hwedu pamusoro paKristu
hwakasimbiswa mamuri. 7 Naizvozvo hapana kana chipo chomweya
chamunoshayiwa pamunomirira nomwoyo wose kuratidzwa kwaIshe
wedu Jesu Kristu. 8 Achakusimbisai kusvikira kumagumo, kuti murege
kuva nechamungapomerwa pazuva raIshe wedu Jesu Kristu. 9 Mwari,
iye akakudanai kuti muwadzane noMwanakomana wake Jesu Kristu Ishe
wedu, akatendeka.

*Kupesana muKereke*

10 Ndinokukumbirai zvikuru, hama, muzita raIshe wedu Jesu Kristu,
kuti imi mose mutaure chinhu chimwe, kuti pakati penyu parege kuva
nokupesana uye kuti mubatanidzwe zvakanaka pamurangariro mumwe
nomukufunga. 11 Hama dzangu, vamwe venyu vokwaKirowe vakandiudza
kuti pane gakava pakati penyu. 12 Zvandinoreva ndezvokuti: Mumwe
wenyu anoti, "Ini ndiri waPauro," mumwe oti, "Ini ndiri waAporosi,"
mumwewo oti, "Ini ndiri waKefasi," mumwe zvakare oti, "Ini ndiri
waKristu."
13 Kristu akaparadzaniswa here? Pauro akarovererwa pamuchin-
jikwa nokuda kwenyu here? Makabhabhatidzwa muzita raPauro here?
14 Ndinovonga Mwari kuti handina kubhabhatidza kana mumwe wenyu,
kunze kwaKrispo naGayo, 15 kuti kurege kuva nomumwe wenyu anoti
akabhabhatidzwa muzita rangu. 16 Hongu, ndakabhabhatidzawo veimba
yaStefanasi; kunze kwaivavo, handirangariri kana ndakabhabhatidzazve
mumwe munhu. 17 Nokuti Kristu haana kunditurna kuti ndinobhab-
hatidza asi kuti ndinoparidza vhangeri, kwete namashoko ouchenjeri
hwavanhu, kuti muchinjikwa waKristu urege kupedzwa simba rawo.

*Kristu ndiye Uchenjeri neSimba raMwari*

18 Nokuti shoko romuchinjikwa upenzi kuna vari kuparara, asi kwatiri
isu vanoponeswa isimba raMwari. 19 Nokuti kwakanyorwa kuchinzi:
"Ndichaparadza uchenjeri hwavakachenjera;
ndichakonesa kuziva kwavanoziva."
20 Akachenjera aripiko? Akadzidza aripiko? Muiti wenharo wenguva
ino aripiko? Ko, Mwari haana kuita uchenjeri hwenyika ino upenzi

here? [21] Nokuti muuchenjeri hwaMwari, nyika kubudikidza nouchen-
jeri hwayo, haina kumuziva, Mwari akafadzwa nazvo kuti vanotenda
avaponese kubudikidza noupenzi hwezvakaparidzwa. [22] VaJudha vanoda
zviratidzo uye vaGiriki vanotsvaka uchenjeri, [23] asi isu tinoparidza Kristu
akarovererwa pamuchinjikwa, chigumbuso kuvaJudha noupenzi kune
veDzimwe Ndudzi. [24] Asi kuna avo vakadanwa naMwari, zvose vaJudha
navaGiriki, Kristu isimba raMwari nouchenjeri hwaMwari. [25] Nokuti
upenzi hwaMwari hwakachenjera kupfuura uchenjeri hwomunhu, uye
utera hwaMwari hwakasimba kupfuura simba romunhu.
[26] Hama dzangu, rangarirai zvamakanga muri pamakadanwa. Havazi
vazhinji venyu vaiva namasimba; havasi vazhinji vaikudzwa pakuzvarwa
kwavo. [27] Asi Mwari akasarudza zvinhu zvoupenzi zvenyika ino kuti
anyadzise vakachenjera; Mwari akasarudza zvisina simba zvenyika
ino kuti anyadzise vane simba. [28] Akasarudza zvinhu zvepasi pasi
zvenyika ino uye zvakazvidzwa, nezvinhu zvisipo, kuti ashayise simba
zvinhu zviripo, [29] kuti kurege kuva nomunhu angazvikudza pamberi
pake. [30] Nokuda kwake, imi muri muna Kristu Jesu, uyo akava kwatiri
uchenjeri hunobva kuna Mwari, iko kururama, noutsvene uye norudzik-
inuro rwedu. [31] Naizvozvo, sezvazvakanyorwa zvichinzi, "Anozvikudza
ngaazvikudze muna She."

# 2

[1] Pandakauya kwamuri, hama, handina kuuya nokugona kutaura
kana uchenjeri hwapamusoro, pandakaparidza kwamuri uchapupu hwez-
vaMwari. [2] Nokuti ndakati handidi kuziva chinhu pandakanga ndiri pakati
penyu, asi Jesu Kristu, uye akarovererwa pamuchinjikwa. [3] Ndakauya
kwamuri muutera nokutya uye nokudedera kukuru. [4] Shoko rangu noku-
paridza kwangu zvakanga zvisina mashoko okugombedzera nouchenjeri,
asi nokuratidza kwesimba raMweya, [5] kuti kutenda kwenyu kurege kuva
kwouchenjeri hwavanhu, asi kuve kwesimba raMwari.

### *Uchenjeri hunobva kuMweya waMwari*

[6] Zvisinei, tinotaura mashoko ouchenjeri pakati pavanhu vakura, asi
kwete uchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino vachashayiwa
simba. [7] Kwete, tinotaura uchenjeri hwaMwari hwakavanzika, uchen-
jeri hwakanga hwakafukidzwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu
naMwari nyika isati yavapo. [8] Hakuna kana nomumwe wavabati
venyika ino akahunzwisisa, nokuti dai vakahunzwisisa vangadai vasina
kuroverera Ishe wokubwinya pamuchinjikwa. [9] Asi sezvazvakanyorwa
zvichinzi:
"Hakuna ziso rakaona,
hakuna nzeve yakanzwa;
hakuna zvakapinda mumurangariro womunhu,
zvakagadzirirwa naMwari vaya vanomuda."
[10] Asi Mwari akazviratidza kwatiri isu noMweya wake.
Mweya anonzvera zvinhu zvose, kunyange nezvakadzika zvaMwari.
[11] Nokuti ndianiko pakati pavanhu anoziva ndangariro dzomunhu kunze
kwomweya womunhu uri mukati make? Saizvozvowo hakuna munhu
anoziva ndangariro dzaMwari kunze kwoMweya waMwari. [12] Hatina
kugamuchira mweya wenyika ino asi Mweya unobva kuna Mwari; kuti
tinzwisise zvatakapiwa naMwari pachena. [13] Izvi ndizvo zvatinotaura,

tisingatauri namashoko atinodzidziswa nouchenjeri hwavanhu, asi na-
mashoko atinodzidziswa naMweya, tichidudzira zvokwadi zvomweya
namashoko omweya. 14 Munhu asina Mweya haangagamuchiri zv-
inhu zvinobva kuMweya waMwari, nokuti zvinonzwisisika nomweya.
15 Munhu ari muMweya anonzwisisa zvinhu zvose, asi iye pachake
haanganzwisiswi nomunhu:

16 "Nokuti, ndianiko akaziva murangariro waShe
kuti amudzidzise?"
Asi isu tino murangariro waKristu.

# 3

*Pamusoro poKupesana muKereke*

1 Hama, ndakanga ndisingagoni kutaura nemi savanhu vomweya
asi savanhu venyama, vacheche zvavo muna Kristu. 2 Ndakakupai
mukaka, kwete zvokudya zvikukutu, nokuti makanga musingagoni kudya.
Zvirokwazvo, hamusati mava kugona kudya nazvino. 3 Nokuti muchiri
venyama. Nokuti sezvo pakati penyu pachine godo negakava, ko, hamusi
venyika here? Ko, hamusi kufamba savanhuwo zvavo here? 4 Nokuti kana
mumwe achiti, "Ini ndiri waPauro," mumwe achiti, "Ini ndiri waAporosi,"
ko, hamusi vanhuwo zvavo here?

5 Aporosi chiiko? Uye Pauro chiiko? Varanda bedzi; vamakatenda
kubudikidza navo mumwe nomumwe sezvaakapiwa naShe. 6 Ini
ndakasima, Aporosi akadiridza, asi Mwari ndiye akameresa. 7 Saka
naizvozvo anosima kana anodiridza haazi chinhu, asi Mwari chete,
iye anomeresa zvinhu. 8 Munhu anosima nomunhu anodiridza vane
chinangwa chimwe, uye mumwe nomumwe wavo achapiwa mubayiro
maererano nezvaakabata pabasa rake. 9 Nokuti tiri vabati pamwe chete
naMwari; muri munda waMwari, muri imba yaMwari.

10 Nenyasha dzandakapiwa naMwari, ndakaronga nheyo somuvaki
akachenjera, uye mumwewo ari kuvaka pamusoro payo. Asi mumwe
nomumwe ngaachenjere kuti anovaka sei pamusoro payo. 11 Nokuti
hakuna mumwe angaronga dzimwe nheyo kunze kwaiyo yakarongwa
kare, inova ndiyo Jesu Kristu. 12 Zvino kana munhu achivaka panheyo iyi
achishandisa goridhe, kana sirivha kana mabwe anokosha, kana matanda,
kana uswa, kana mashanga, 13 basa rake richaonekwa kuti rakaitwa nei,
nokuti Zuva iro richazvibudisa pachena. Richaratidzwa nomoto, uye moto
uchaedza basa romumwe nomumwe. 14 Kana zvaakavaka zvikagara, iye
achagamuchira mubayiro wake. 15 Kana zvikapiswa, iye acharasikirwa:
asi iye pachake achaponeswa: asi souya abuda mumoto.

16 Ko, hamuzivi here kuti muri temberi yaMwari uye kuti Mweya
waMwari anogara mamuri? 17 Kana munhu achiparadza temberi
yaMwari, Mwari achamuparadza; nokuti temberi yaMwari itsvene, ndimi
temberi yacho.

18 Musazvinyengera. Kana mumwe wenyu achizviti akachenjera na-
maonero enyika ino, ngaave "benzi" kuti ave akachenjera. 19 Nokuti
uchenjeri hwenyika ino upenzi pamberi paMwari. Sezvazvakanyorwa
zvichinzi: "Anobata vakachenjera pamano avo," 20 uye zvakare, "Ishe
anoziva kuti mifungo yavakachenjera haina maturo." 21 Naizvozvo
ngakuregc kuva nomunhu anozvikudza pamusoro pavanhu! Zvinhu zvose
ndezvenyu, 22 angava Pauro kana Aporosi, kana Kefasi, kana nyika, kana

upenyu, kana rufu, kana zvazvino, kana zvinouya, zvose ndezvenyu, [23] uye
muri vanhu vaKristu, uye Kristu ndewaMwari.

# 4

*Vapostori vaKristu*

[1] Saka naizvozvo, vanhu vanofanira kutiona savaranda vaKristu
uye savaya vakaitwa vachengeti vezvakavanzika zvaMwari. [2] Zvino
zvakafanira kuti vaya vakapiwa utariri vave vakatendeka. [3] Chinhu
chiduku duku kwandiri kana ndichitongwa nemi kana dare ripi zvaro ro-
munhu; zvirokwazvo handizvitongi pachangu. [4] Hana yangu yakachena,
asi izvi hazviiti kuti ndive munhu akarurama. Ishe ndiye anondi-
tonga. [5] Naizvozvo, regai kutonga chinhu nguva isati yasvika; chim-
bomirai kusvikira Ishe auya. Achaisa pachena zvakavanzwa murima
uye acharatidza mifungo yemwoyo yavanhu. Panguva iyoyo mumwe
nomumwe acharumbidzwa naMwari.

[6] Zvino, hama dzangu, ndakaita zvinhu izvi kuupenyu hwangu uye
nokuna Aporosi nokuda kwenyu, kuitira kuti mudzidze kubva kwatiri
zvinoreva chirevo chokuti, “Usaita zvinopfuura zvakanyorwa.” Ipapo
hamungazvikudzi pamusoro pomumwe munhu muchimuenzanisa no-
mumwe. [7] Nokuti ndianiko akakutsaura iwe kubva kuno mumwe? Chiiko
chaunacho chausina kupiwa? Zvino kana wakapiwa, seiko uchizvikudza
sousina kupiwa?

[8] Matova nezvose zvamunoda kare! Makatopfumiswa kare! Mava
madzimambo, uye isu tisipo! Ndinoshuva sei kuti dai makava madzi-
mambo kuitira kuti tigova madzimambo pamwe chete nemi! [9] Nokuti
ini ndinoona kuti Mwari akatigadza kuti tive vapostori vanoonekwa
pakupedzisira, savanhu vakatongerwa rufu. Takaitwa chiseko kunyika
yose, kuvatumwa uyewo nokuvanhu. [10] Tiri mapenzi nokuda kwaKristu,
asi imi makachenjera kwazvo muna Kristu! Isu tinoshayiwa simba, asi imi
mune simba! Munokudzwa, isu tinozvidzwa! [11] Kusvikira panguva ino isu
tine nzara, uye tine nyota, takapfeka mamvemve, tinorohwa zvakaoma
kwazvo, hatina pokugara. [12] Tinoshanda nesimba namaoko edu. Kana
tikatukwa tinoropafadza; kana tichitambudzwa, tinotsungirira; [13] kana
tichipomerwa mhosva, tinopindura zvinyoronyoro. Kusvikira panguva
ino takaitwa setsvina yenyika, marara enyika.

[14] Handisi kukunyorerai izvi kuti ndikunyadzisei, asi kuti ndikuyam-
birei, savana vangu vandinoda. [15] Kunyange zvazvo mune vachengeti
vanosvika zviuru gumi muna Kristu, hamuna madzibaba mazhinji,
nokuti muna Kristu Jesu ndakava baba venyu kubudikidza nevhang-
eri. [16] Naizvozvo ndinokukumbirai zvikuru kuti muve vateveri vangu.
[17] Nokuda kwechikonzero ichi ndatuma Timoti kwamuri, mwana wangu
wandinoda, akatendeka muna She. Achakuyeuchidzai mararamiro angu
muna Kristu Jesu, zvinoenderana nezvandinodzidzisa kwose kwose muk-
ereke dzose.

[18] Vamwe venyu vava kuzvikudza, sokunonzi handisi kuzouya kwamuri.
[19] Asi ndichauya kwamuri nokukurumidza, kana Ishe achida, uye handi-
zotsvaki chete kuti vanhu ava vanozvikudza vari kutaura sei, asi kutiwo
vane simba rakadii. [20] Nokuti umambo hwaMwari hahuzi pakutaura
bedzi asi pasimba. [21] Munodeiko? Ndiuye kwamuri neshamhu here, kana
norudo uye nomweya wounyoro?

# 5

*Dzingai hama iri kuita upombwe*

1 Zvinonzi pakati penyu pane upombwe, uye upombwe hworudzi
rusakambonzwikwa kunyange pakati pavahedheni: Munhu anorara
nomukadzi wababa vake. 2 Uye munozvikudza! Mungadai musingachemi
here uye makatodzinga munhu anoita zvakadai kuti musayanana naye?
3 Kunyange zvangu ndisiri pakati penyu panyama, ndinemi mumweya.
Uye ndatotonga kare pamusoro pomunhu akaita izvi, sokunonzi ndiripo.
4 Pamunoungana pamwe chete muzita raIshe Jesu, ndinemi mumweya,
uye simba raIshe Jesu riripo, 5 isai munhu uyu kuna Satani, kuti nyama
iparadzwe uye mweya wake ugoponeswa pazuva raShe.

6 Kuzvikudza kwenyu hakuna kunaka. Hamuzivi here kuti mbiriso
shoma inovirisa chikanyiwa chose? 7 Bvisai mbiriso yakare kuti mugova
chikanyiwa chitsva chisina mbiriso, sezvamuri chaizvo. Nokuti Kristu,
gwayana redu rePasika, akabayirwa. 8 Naizvozvo ngatiitei mutambo,
tisingaiti nembiriso yakafa, mbiriso yoruvengo nokuipa, asi nechingwa
chisina mbiriso, chingwa chokururama nezvokwadi.

9 Ndakunyorerai mutsamba yangu kuti murege kufambidzana
nemhombwe, 10 handisi kureva vanhu venyika ino vanoita upombwe,
kwete, kana vano ruchiva namakororo, kana vanonamata zvifananidzo.
Nokuti kana zvadaro mungatobva panyika ino. 11 Asi zvino ndinonyora
kwamuri kuti musafambidzana naani zvake anozviti ihama asi ari
mhombwe, kana kuti ano ruchiva, anonamata zvifananidzo, kana kuti
chidhakwa kana gororo. Munhu akadaro musatombodya naye.

12 Nokuti ibasa rangu here kuti nditonge avo vari kunze kwekereke?
Hamufaniri kutonga avo vari mukereke here? 13 Mwari ndiye achatonga
avo vari kunze. "Dzingai munhu akaipa uyu abve pakati penyu."

# 6

*Kukwidzana kumatare edzimhosva pakati pavatendi*

1 Kana mumwe wenyu ane mhosva nomumwe, angatsunga here
kumukwirira kumatare avasakarurama pano kumukwirira kuvatsvene?
2 Hamuzivi here kuti vatsvene vachatonga nyika? Zvino kana muchazo-
tonga nyika, ko, hamungagoni kutonga mhosva duku duku here? 3 Ko,
hamuzivi here kuti muchatonga vatumwa? Ko, kuzoti zvinhu zvoupenyu
huno! 4 Naizvozvo, kana mukapokana pamusoro pezvinhu zvakadai,
gadzai savatongi kunyange vanhu vano kutenda kuduku vari mukereke.
5 Ndinodaro kuti munyadziswe. Ko, pangashayikwa munhu akachenjera
pakati penyu here anogona kutonga mhosva pakati pavatendi? 6 Asi
panzvimbo yokuti mudaro, hama inokwirira hama kumatare avasinga-
tendi!

7 Izvi zvokuti makatokwidzana kumatare pakati penyu zvinoreva
kuti makatokundwa kare. Munoregereiko kubvuma kukanganisirwa?
Munoregereiko kubvuma kubirwa? 8 Asi imi, pachenyu munoba uye
munoita zvisakarurama, muchizviitira kuhama dzenyu.

9 Ko, hamuzivi here kuti vasakarurama havagari nhaka youmambo
hwaMwari? Musanyengerwa: Nokuti mhombwe kana vanonamata
zvifananidzo, kana zvifeve, kana varume vanoita zvoufeve, kana varume
vanodanana navamwe varume, 10 kana mbavha, kana vana madyo, kana
zvidhakwa, kana vanochera vamwe, kana makororo, havangagari nhaka

youmambo hwaMwari. [11] Uye izvozvo ndizvo zvakanga zvakaita vamwe
venyu. Asi makashambidzwa, mukaitwa vatsvene, mukaruramisirwa
muzita raIshe Jesu Kristu, uye noMweya waMwari.

### *Upombwe*

[12] Ndinotenderwa zvinhu zvose, asi hazvisi zvose zvinobatsira.
Kwandiri zvinhu zvose zvinotenderwa, asi handidi kutongwa kana
nechimwe. [13] Zvokudya ndezvedumbu uye dumbu nderezvokudya, asi
Mwari achaparadza zvose zviri zviviri. Muviri hauzi woupombwe, asi
ndowaShe, uye naShe ndewomuviri. [14] Mwari akamutsa Ishe kubva
kuvakafa nesimba rake uye achatimutsawo. [15] Hamuzivi here kuti miviri
yenyu mitezo yaKristu? Zvino ndingatora here mitezo yaKristu ndigoiita
mitezo youpombwe? Kwete napaduku pose! [16] Hamuzivi here kuti uyo
anosangana nechifeve naiye ava muviri mumwe naye? Nokuti zvinonzi,
"Vaviri ava vachava nyama imwe." [17] Asi uyo akasanganiswa naShe ava
mumwe naye mumweya.

[18] Tizai upombwe. Zvimwe zvivi zvose zvingaitwa nomunhu zviri kunze
kwomuviri wake, asi uyo anoita chivi choupombwe anotadzira muviri
wake. [19] Hamuzivi here kuti muviri wenyu itemberi yaMweya Mutsvene,
ari mamuri, uyo wamakagamuchira kubva kuna Mwari? Hamuzi venyu;
[20] makatengwa nomutengo. Naizvozvo kudzai Mwari nomuviri wenyu.

## 7

### *Waniso*

[1] Zvino pamusoro pezvinhu zvamakandinyorera, ndinoti: Zvakanaka
kuti munhu arege kuwana mukadzi. [2] Asi nokuda kwoupombwe, mu-
rume mumwe nomumwe ngaave nomukadzi wake, nomukadzi mumwe
nomumwe ngaave nomurume wake. [3] Murume ngaape mukadzi wake
zvakafanira, uye nomukadzi adarowo kumurume wake. [4] Muviri
womukadzi hauzi wake oga asi kuti ndewomurume wakewo. Zvimwe
chetezvo, muviri womurume hauzi wake oga asi kuti ndewomukadzi
wakewo. [5] Musanyimana, kunze kwokunge matenderana uye kwenguva
duku, kuti mumbova nenguva yokunyengetera. Mushure mezvo mosan-
ganazve kuitira kuti Satani arege kukuedzai pakusazvidzora kwenyu.
[6] Ndinotaura izvi ndichikutenderai, kwete somurayiro. [7] Ndinoshuva kuti
dai vanhu vose vakaita seni. Asi munhu mumwe nomumwe ane chipo
chake chaakapiwa naMwari; mumwe ane chipo ichi mumwe ane icho.

[8] Zvino kune vasina kuwana nechirikadzi ndinoti: Zvakanaka kwavari
kuti vasawana, sezvandiri. [9] Asi kana vasingagoni kuzvidzora, vanofanira
kuwana, nokuti zviri nani kuwana pane kutsva.

[10] Kuna vakawana ndinopa murayiro uyu (kwete ini, asi Ishe): Mukadzi
ngaarege kuparadzana nomurume wake. [11] Asi kana akabva, ngaarege
kuzowanikwazve, kana kuti ngaayanane nomurume wake. Uye murume
haafaniri kuramba mukadzi wake.

[12] Kuna vamwe vose ndinoti (ini kwete Ishe): Kana hama ino mukadzi
asingatendi uye mukadzi achida hake kugara naye, haafaniri kumuramba.
[13] Uye kana mukadzi ane murume asingatendi uye murume achida hake
kugara naye, haafaniri kumuramba. [14] Nokuti murume asingatendi
anoitwa mutsvene nokuda kwomukadzi wake, uye mukadzi asingatendi
anoitwa mutsvene kubudikidza nomurume wake anotenda. Vana venyu
vaizova netsvina, asi zvino vava vatsvene.

15 Asi kana asingatendi akaenda, murege aende hake. Murume kana
mukadzi anotenda haana kusungwa pakadai; Mwari akatidana kuti tigare
murugare. 16 Nokuti iwe mukadzi unoziva seiko, kana uchaponesa
murume wako? Kana, kuti iwe murume unoziva seiko, kana uchaponesa
mukadzi wako?
17 Zvisinei hazvo, mumwe nomumwe ngaararame upenyu hwaakagov-
erwa naIshe uye hwaakadanirwa naMwari. Izvi ndizvo zvandinorayira
mukereke yose. 18 Ko, murume akadanwa atodzingiswa kare here?
Ngaarege kuitwa asina kudzingiswa. Ko, murume akadanwa asina
kudzingiswa here? Ngaarege kudzingiswa. 19 Kudzingiswa hakuzi chinhu
uye kusadzingiswa hakuzi chinhu. Asi kuchengeta mirayiro yaMwari
ndiko kunokosha. 20 Mumwe nomumwe ngaagare ari zvaakanga ari
paakadanwa naMwari. 21 Wakanga uri muranda here pawakadanwa?
Ngazvirege kukudya mwoyo; kunyange zvakadaro, kana uchigona kuva
wakasununguka, ita saizvozvo. 22 Nokuti uyo akadanwa naShe ari
muranda, ava akasununguka muna She; zvimwe chetezvo, uyo akanga
akasununguka paakadanwa ava muranda waKristu. 23 Makatengwa
nomutengo; musava varanda vavanhu. 24 Hama, mumwe nomumwe,
ngaarambe ari paakadanwa naMwari ari.
25 Zvino pamusoro pemhandara: Handina murayiro unobva kuna Ishe,
asi ndinokuudzai somunhu akapiwa ngoni naShe kuti ave akatendeka.
26 Nokuda kwenhamo yazvino, ndinofunga kuti zvakanaka kuti munhu
agare akadaro. 27 Wakawana here? Usatsvaka kurambana. Hauna
kuwana here? Usatsvaka mukadzi. 28 Asi kana ukawana, hauna kutadza;
asi kana mhandara ikawanikwa haina kutadza. Asi vaya vachawana
vachasangana namatambudziko mazhinji muupenyu uye ini handidi kuti
musangane nawo.
29 Zvandinoreva hama dzangu, ndezvokuti nguva ipfupi. Kubva
zvino zvichienda mberi vana vakadzi ngavararame savasina; 30 vaya
vanochema, savasingachemi; vanofara savasingafari; vanotenga chinhu,
sokunonzi hachizi chavo; 31 navaya vane zvinhu zvenyika ino, savasinga-
batiriri pazviri. Nokuti nyika ino sezvairi nhasi ichapfuura.
32 Ndinoda kuti murege kuva nokufunganya. Murume asina kuwana
anofunga zvaShe, kuti angafadza Ishe sei. 33 Asi murume akawana
anofunga pamusoro pezvinhu zvenyika ino, kuti angafadza mukadzi wake
sei, 34 uye zvaanoda zvakapatsanurwa. Mukadzi asina kuwanikwa kana
mhandara anofunga nezvaShe: Chinangwa ndechokuzvipira kuna She
panyama napamweya. Asi mukadzi akawanikwa anofunga zvenyika ino
kuti angafadza murume wake sei. 35 Ndiri kutaura izvi kuti zvikubat-
sirei, kwete kuti ndikudzivisei, asi kuti murarame munzira yakarurama
muchizvipira kuna She zvizere.
36 Kana mumwe achifunga kuti ava kuita zvisina kunaka kumhandara
yaakatsidzira, uye kana ava namakore akafanira kana achida kumuwana,
ngaaite zvaanoda. Haasi kutadza. Vanofanira kuwanana. 37 Asi uyo
munhu anenge azvifunga mupfungwa dzake, asina zvinomumanikidza iye
kana achizvidzora, uye kana akatema mumwoyo make kuti haadi kuwana
mhandara iyi, murume uyu aitawo chinhu chakanaka. 38 Saka naizvozvo,
uyo anowana mhandara iyi anoitawo zvakanaka, asi uyo asingawani
anoita chinhu chakatonakisa.
39 Mukadzi akasungwa nomurayiro kumurume wake kana achiri mu-
penyu. Asi kana murume wake akafa, asununguka kuti awanikwe

nomurume waanoda, asi anofanira kuva muna She. [40] Asi mukuona
kwangu, angatonyanya kufara kana akagara akadaro, uye ndinofunga kuti
neniwo ndino Mweya waMwari.

# 8

*Zvokudya Zvakabayirwa kuZvifananidzo*

[1] Zvino, pamusoro pezvokudya zvakabayirwa kuzvifananidzo: Tinoziva
kuti tose tino ruzivo. Ruzivo runouyisa kuzvikudza, asi rudo runovaka.
[2] Munhu anofunga kuti anoziva chinhu achigere kuziva zvaanofanira
kuziva. [3] Asi munhu anoda Mwari anozivikanwa naMwari.
[4] Saka naizvozvo, pamusoro pokudya zvokudya zvakabayirwa kuzvi-
fananidzo: Tinoziva kuti chifananidzo hachizi chinhu zvachose panyika
uye kuti hakuna Mwari, asi iye mumwe chete. [5] Nokuti kunyange dai
varipo vanonzi vamwari, kungava kudenga kana panyika (sezvavaripo
zvirokwazvo "vamwari" vazhinji uye na"madzishe" mazhinji), [6] asi isu
tina Mwari mumwe chete, ivo Baba, zvinhu zvose zvakabva kwavari uye
ndivo vatinoraramira; uye tina She mumwe chete, Jesu Kristu, zvinhu
zvose zvakavapo kubudikidza naye, uye nesu tinorarama kubudikidza
naye.
[7] Asi havasi vose vanoziva izvi. Vamwe vanhu vachakabatwa nezvi-
fananidzo zvokuti kana vachidya zvakadai vanodya vachiti zvakabayirwa
kuzvifananidzo, uye sezvo hana yavo isati yasimba, inoshatiswa. [8] Asi,
zvokudya hazvingatisvitsi pedyo naMwari; hatina kuipa kana tisina kudya
uye hatinatswi kana tadya.
[9] Asi chenjerai, kuti simba renyu iri rirege kuva chigumbuso kuna
vasina simba. [10] Nokuti kana mumwe asina simba achikuona iwe uno
ruzivo urwu uchidya uri mutemberi yechifananidzo, ko, hana yaiye
asina simba haingatsungiswi kuti adye izvo zvakabayirwa kuzvifananidzo
here? [11] Naizvozvo, hama iyi isina simba, iyo yakafirwa naKristu
ichaparadzwa nokuziva kwako. [12] Kana mukatadzira hama dzenyu
zvakadai uye muchikuvadza hana dzavo dzisina simba, munotadzira
Kristu. [13] Naizvozvo, kana zvandinodya zvichigumbusa hama yangu
handichazodyizve nyama, kuti ndirege kuzomugumbusa.

# 9

*Kodzero dzoMupostori*

[1] Handina kusununguka here? Handizi mupostori here? Handina
kuona Jesu Kristu Ishe wedu here? Imi hamusi chibereko chebasa rangu
muna She here? [2] Kunyange zvangu ndisiri mupostori kuna vamwe,
zvirokwazvo ndiri mupostori kwamuri! Nokuti imi ndimi chisimbiso
choupostori hwangu muna She.
[3] Uku ndiko kuzvidavirira kwangu kuna avo vanondigarira matare.
[4] Hatina kodzero yokuva nezvokudya nezvokunwa here? [5] Hatina
kodzero yokufamba nomukadzi mutendi here sezvinoita vamwe vapostori
navanun'una vaShe naKefasi? [6] Kana kuti ini ndoga naBhanabhasi ndisu
tinofanira kushanda kuti tirarame?
[7] Ndianiko angandorwa muhondo achizviripira mubayiro? Ndianiko
angasima munda wamazambiringa uye akasadya mazambiringa acho?
Ndianiko angafudza makwai uye akasanwa mukaka wawo? [8] Ko,
ndinotaura izvo nokutaura kwavanhu here? Ko, murayiro haurevi

zvimwe chetezvo here? 9 Nokuti zvakanyorwa mumurayiro waMozisi,
zvichinzi, “Usasunga muromo wenzombe kana ichipura zviyo.” Ko, Mwari
ane hanya nenzombe here? 10 Zvirokwazvo anotaura izvi kwatiri, hazvi-
sizvo here? Hongu, zvakanyorerwa isu, nokuti kana murimi achirima,
nomupuri achipura, anofanira kuita izvi netariro yokuti achagoverwawo
gohwo. 11 Kana isu takadyara zvinhu zvomweya pakati penyu, chingava
chinhu chikuru here kana tikakohwa zvinhu zvenyu zvenyama? 12 Kana
vamwe vane kodzero iyi yokuwana rubatsiro kubva kwamuri, hatifaniri
kutowana zvikuru here?

Asi hatina kushandisa kodzero iyi. Asi tinotambudzika pane zvose
kuitira kuti tirege kukanganisa vhangeri raKristu. 13 Hamuzivi here kuti
vaya vanoshumira mutemberi vanowana zvokudya zvavo mutemberi, uye
vanoshumira paaritari vanodya zvearitari? 14 Saizvozvowo, Ishe akarayira
kuti vanoparidza vhangeri vanofanira kuwana zvinovararamisa kubva
pavhangeri.

15 Asi handina kushandisa kana imwe yekodzero idzi. Uye handisi
kunyora izvi ndine tariro yokuti muchandiitira zvinhu zvakadai. Zviri
nani kuti ndife zvangu pano kuti mumwe munhu anditorere chinhu
ichi chandinozvirumbidza nacho. 16 Asi kana ndichiparidza vhangeri,
handingazvirumbidzi, nokuti ndinosungirwa kuti ndiparidze. Ndine
nhamo, kana ndisingaparidzi vhangeri! 17 Kana ndichiparidza nokuda
kwangu, ndino mubayiro; kana ndichiita ndisingadi, ndiri kungoita chete
izvo zvandakapiwa kuti ndiite. 18 Zvino mubayiro wangu ndoweiko?
Ndiwo uyu, kuti mukuparidza vhangeri ndizviite pasina muripo, uye
ndisingashandisi kodzero dzangu mukuriparidza.

19 Kunyange zvangu ndakasununguka uye ndisiri muranda wom-
unhu, ndakazviita muranda wavose, kuti ndiwane vazhinji kwazvo.
20 KuvaJudha ndakava somuJudha, kuti ndiwane vaJudha. Kuna vari
pasi pomurayiro ndakava somunhu ari pasi pomurayiro (kunyange ini
ndisiri pasi pomurayiro), kuti ndiwane vari pasi pomurayiro. 21 Kuna
vasina murayiro, ndakava somunhu asina murayiro (kunyange zvangu
ndisina kusununguka kubva pamurayiro waMwari, ndiri pasi pomurayiro
waKristu), kuti ndiwane vaya vasina murayiro. 22 Kuna vasina simba
ndakava sendisina simba, kuti ndiwane vaya vasina simba. Ndakava zvose
kuvanhu vose kuitira kuti ndiponese vamwe nemitoo yose inogoneka.
23 Ndinoita zvose izvi nokuda kwevhangeri, kuti ndigovere maropafadzo
aro.

24 Hamuzivi here kuti panhangemutange vanhu vose vanomhanya, asi
mumwe chete ndiye anopiwa mubayiro? Mhanyai zvokuti mugowana
mubayiro.

25 Vanhu vose vanopinda mumutambo vanozvirovedza zvakaoma.
Vanoita izvi kuti vawane korona isingagari; asi isu tinozviita kuti tiwane
korona inogara nokusingaperi. 26 Naizvozvo handimhanyi somunhu asina
chinangwa; handirwi somunhu anorova mhepo. 27 Kwete, ndinorovedzera
muviri wangu uye ndinouita muranda wangu kuitira kuti mushure
mokunge ndapedza kuparidzira vamwe, ini pachangu ndirege kushayiwa
mubayiro.

# 10

*Yambiro inobva paNhoroondo yavaIsraeri*

1 Nokuti hama dzangu, handidi kuti murege kuziva kuti madzibaba edu
ose akanga ari pasi pegore uye kuti vose vakayambuka gungwa. 2 Vose
vakabhabhatidzwa muna Mozisi mugore nomugungwa. 3 Vose vakadya
zvokudya zvimwe chete zvoMweya 4 uye vose vakanwa zvokunwa zvimwe
chete zvomweya; nokuti vakanwa kubva padombo romweya rakafamba
navo, uye dombo iri raiva Kristu. 5 Kunyange zvakadaro, Mwari haana
kufadzwa navazhinji vavo; mitumbi yavo yakaparadzirwa murenje.

6 Zvino, zvinhu izvi zvakanga zviri semienzaniso kwatiri, kuti tirege
kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa sezvavakaita. 7 Musanamata
zvifananidzo, sezvakaita vamwe vavo; sezvazvakanyorwa zvichinzi:
"Vanhu vakagara pasi vakadya, vakanwa, uye vakasimuka kuti vatambe."
8 Hatifaniri kuita upombwe, sezvakaita vamwe vavo, uye vakafa zviuru
makumi maviri nezvitatu muzuva rimwe chete. 9 Hatifaniri kuedza
Ishe, sezvakaita vamwe vavo, uye vakaurayiwa nenyoka. 10 Uye murege
kugunun'una sezvakaita vamwe vavo, uye vakazourayiwa nomutumwa
wokuparadza.

11 Zvinhu izvi zvakaitika kwavari semienzaniso kwatiri uye zvikany-
orwa kuti zvive yambiro kwatiri, iyesu takasvikirwa nokuzadziswa
kwokuguma kwenyika. 12 Saka, kana uchifunga kuti wakamira
zvakasimba, chenjera kuti urege kuwa! 13 Hakuna muedzo wakakuwirai
imi, kunze kwaiwo unowira munhu wose. Uye Mwari akatendeka,
haangatenderi kuti muedzwe kupfuura pamunogona napo. Asi kana
muchiedzwa, iye achakupai nzira yokubuda nayo kuti mugone kutsunga
pairi.

### *Mitambo yeZvifananidzo neChirariro chaShe*

14 Naizvozvo, shamwari dzangu dzinodikanwa, tizai kunamata zvi-
fananidzo. 15 Ndiri kutaura kuvanhu vakachenjera; zvitongerei pachenyu
pane zvandinotaura. 16 Ko, mukombe wokuvonga watinovonga, hakuzi
kusangana neropa raKristu here? Uye chingwa chatinomedura, hakuzi
kusangana nomuviri waKristu here? 17 Nokuti pane chingwa chimwe
chete, isu vazhinji tiri muviri mumwe, nokuti tinogovana tose pachingwa
chimwe.

18 Cherechedzai vanhu veIsraeri: Ko, avo vanodya zvibayiro havagovani
nearitari here? 19 Ko, ndinoreva kuti chibayiro chinobayirwa chifananidzo
chinhu here, kana kuti chifananidzo chinhu here? 20 Kwete, asi zvibayiro
zvavahedheni zvinopiwa kumadhimoni kwete kuna Mwari, uye ini
handidi kuti mugovane namadhimoni. 21 Hamunganwi mukombe waShe
uye nomukombe wamadhimoniwo; hamungavi nomugove patafura yaShe
uye napatafura yamadhimoni. 22 Tiri kuedza kumutsa godo raShe here?
Takasimba kupfuura iye here?

### *Kusunungukа kwoMutendi*

23 Zvinhu zvose zvinotenderwa, asi hazvisi zvose zvinobatsira. Zvinhu
zvose zvinotenderwa, asi hazvisi zvose zvinovaka. 24 Munhu ngaarege
kutsvaka zvakamunakira iye, asi zvakanakira vamwe.

25 Idyai zvose zvinotengeswa pamusika wenyama musingabvunzi
chinhu nokuda kwehana, 26 nokuti, "Nyika ndeyaShe, nokuzara kwayo."

27 Kana mumwe asingatendi akakukoka kuzodya, uye kana uchida
kuenda, udye zvose zvinenge zvaiswa pamberi pako usingabvunzi mub-
vunzo nokuda kwehana. 28 Asi kana mumwe akati kwauri, "Ichi chipiriso

chakabayirwa," rega kudya, nokuda kwaiye akuratidza, uye nokuda
kwehana, 29 ndinoreva hana yomumwe, kwete yako. Nokuti kusununguka
kwangu kungatongerweiko nehana yomumwe? 30 Kana ini ndichidya
ndavonga, ndingagotukirweiko nokuda kwechinhu chandavonga Mwari
pamusoro pacho?

31 Naizvozvo, kunyange muchidya kana kunwa, chinhu chipi nechipi
chamungaita, itai zvose kuti Mwari agokudzwa. 32 Musagumbusa munhu
upi noupi zvake, angava muJudha, kana muGiriki kana kereke yaMwari,
33 kunyange sezvandinoedzawo kufadza munhu wose pazvinhu zvose.
Nokuti handitsvaki zvakandinakira ini asi zvakanakira vazhinji, kuitira
kuti vagoponeswa.

# 11

1 Teverai muenzaniso wangu, sezvandinotevera muenzaniso waKristu.

### *Zvinofanira kuitwa paKunamata*

2 Ndinokurumbidzai nokuti munondirangarira pazvinhu zvose, uye
muchichengeta dzidziso, sezvandakakudzidzisai.

3 Zvino ndinoda kuti muzive kuti musoro womurume wose ndiKristu,
uye musoro womukadzi murume, uye musoro waKristu ndiye Mwari.
4 Murume mumwe nomumwe anonyengetera kana kuprofita musoro
wake wakafukidzwa, anoninipisa musoro wake. 5 Uye mukadzi mumwe
nomumwe anonyengetera kana kuprofita musoro wake usina ku-
fukidzwa, anoninipisa musoro wake, zvakangofanana nokuva nomusoro
wakaveurwa. 6 Kana mukadzi asingafukidzi musoro wake, anofanira
kugera bvudzi rake; asi kana zvichinyadzisa mukadzi kuti agerwe
bvudzi rake, anofanira kufukidza musoro wake. 7 Murume haafaniri
kufukidza musoro wake, sezvo ari mufananidzo nokubwinya kwaMwari;
asi mukadzi kubwinya kwomurume. 8 Nokuti murume haana kubva
pamukadzi, asi mukadzi ndiye akabva pamurume; 9 uye murume haana
kusikirwa mukadzi, asi mukadzi ndiye akasikirwa murume. 10 Nokuda
kwechikonzero ichi, uye nokuda kwavatumwa, mukadzi anofanira kuva
nechiratidzo chesimba pamusoro wake.

11 Kunyange zvakadaro, muna She mukadzi haazi kunze kwomurume,
nomurume haazi kunze kwomukadzi. 12 Nokuti mukadzi sezvaakabva
pamurume, saizvozvowo murume anozvarwa nomukadzi asi zvose zvi-
nobva kuna Mwari. 13 Tongai imi pachenyu kuti: Zvakafanira here kuti
mukadzi anyengetere kuna Mwari asina kufukidza musoro wake? 14 Ko,
hamudzidziswi namasikirwo ezvinhu kuti kana murume ane bvudzi refu,
anonyadziswa nazvo here, 15 asi kuti kana mukadzi ane bvudzi refu,
ndiko kubwinya kwake? Nokuti bvudzi refu rakapiwa kwaari kuti rive
chifukidzo. 16 Zvino kana pane anoda kuita gakava pazviri, hatina tsika
dzakadaro kunyange kereke dzaMwari.

### *Chirariro chaShe*

17 Pane zvakarayirwa zvinotevera handikurumbidzei, nokuti hamuun-
ganiri zvakanaka asi zvakaipa. 18 Chokutanga, ndakanzwa kuti pamu-
noungana pamwe chete sekereke, pane kupesana pakati penyu, uye
ndingangozvitenda. 19 Nokuti dzidziso dzakatsaukana dzinofanira kuva
pakati penyu, kuti zvionekwe kuti vakatendeka kuna Mwari ndavapi.
20 Pamunoungana, hachisi chirariro chaShe chamunodya, 21 nokuti kana

modya, mumwe nomumwe wenyu anongotanga kudya asingamiriri
vamwe. Mumwe anosara ane nzara, mumwewo anodhakwa. 22 Ko,
hamuna dzimba kwamungadyira nokunwira here? Kana kuti munozvidza
kereke yaMwari nokunyadzisa vasina chinhu here? Zvino ndichatiiko
kwamuri? Ndingakurumbidzai nokuda kwaizvozvi here? Zvirokwazvo
kwete!

23 Nokuti ndakagamuchira kubva kuna She icho chandakakupai kuti
Ishe Jesu, usiku hwaakapandukirwa, akatora chingwa, 24 uye mushure
mokunge avonga, akachimedura akati, "Uyu ndiwo muviri wangu, un-
omedurirwa imi; itai izvi muchindirangarira." 25 Saizvozvowo, mushure
mechirariro akatora mukombe, achiti, "Mukombe uyu ndiwo sungano
itsva muropa rangu; itai izvi nguva dzose kana muchiiunwa, muchindi-
rangarira." 26 Nokuti nguva dzose kana muchidya chingwa ichi nokunwa
mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe kusvikira achidzoka.

27 Naizvozvo ani naani anodya chingwa nokunwa mukombe waShe
nomutoo usina kufanira achabatwa nemhosva yokutadzira muviri neropa
raShe. 28 Munhu anofanira kuti azviedze asati adya chingwa nokunwa
mukombe. 29 Nokuti ani naani anodya nokunwa asingacherechedzi muviri
waShe anozvidyira nokuzvinwira kutongwa kwake. 30 Ndokusaka vazhinji
pakati penyu vasina simba uye vachirwara, uye vamwe venyu vavete.
31 Asi kana tikazviedza pachedu, hatingazotongwi. 32 Kana tikatongwa
naShe, tiri kurangwa kuitira kuti tirege kuzoraswa pamwe chete nenyika.

33 Saka naizvozvo, hama dzangu, kana muchiungana pakudya, miri-
ranai. 34 Kana mumwe aine nzara, anofanira kudya kumba kwake, kuitira
kuti pamunoungana pamwe chete murege kutongwa.

Uye kana ndichinge ndasvika ndichakudzidzisai zvimwe.

# 12

### *Zvipo zvoMweya*

1 Zvino pamusoro pezvipo zvoMweya, hama, handidi kuti muve
musingazivi. 2 Munoziva kuti pamakanga muri vahedheni, makanga
muchitungamirirwa uye nokutsauswa muchiiswa kuzvifananidzo zvisin-
gagoni kutaura. 3 Naizvozvo ndinokuudzai kuti hakuna munhu anotaura
noMweya waMwari anoti, "Jesu ngaatukwe." Uye hakuna munhu anoti,
"Jesu ndiye Ishe," asi naMweya Mutsvene.

4 Kuna marudzi akasiyana ezvipo, asi Mweya ndomumwe. 5 Kuna
marudzi akasiyana oushumiri, asi Ishe mumwe. 6 Kuna marudzi
akasiyana amabasa, asi Mwari mumwe ndiye anoita zvose muvanhu vose.

7 Zvino mumwe nomumwe anopiwa kuratidzwa kwoMweya kuti vose
vabatsirwe. 8 Nokuti mumwe anopiwa noMweya shoko rouchenjeri,
mumwe shoko rokuziva noMweya mumwe chete, 9 mumwe kutenda
noMweya mumwe chete, mumwe zvipo zvokuporesa noMweya mumwe
chete, 10 mumwe mabasa esimba, mumwe kuprofita, mumwe kuzivisisa
mweya, mumwe kutaura nendimi dzakasiyana-siyana, uyezve mumwe
kududzirwa kwendimi. 11 Zvose ibasa raMweya mumwe chete uye anopa
mumwe nomumwe, sezvaanoda.

### *Muviri Mumwe Chete, Mitezo Mizhinji*

12 Muviri chinhu chimwe chete, kunyange une mitezo mizhinji; uye
kunyange mitezo yawo iri mizhinji, inoumba muviri mumwe chete.
Ndizvowo zvakaita Kristu. 13 Nokuti tose takabhabhatidzwa noMweya

mumwe mumuviri mumwe, vangava vaJudha kana vaGiriki, varanda
kana vakasununguka, uye tose tikapiwa kuti tinwe Mweya mumwe.
14 Zvino muviri hauna kuumbwa nomutezo mumwe, asi mizhinji.
15 Kana rutsoka rukati, “Nokuti handisi ruoko, saka handisi womuviri,”
harungaregi kuva chikamu chomuviri nokuda kwechikonzero ichocho.
16 Uye kana nenzeve ikati, “Nokuti handisi ziso, saka handisi chikamu
chomuviri,” haringaregi kuva chikamu chomuviri nokuda kwechikonzero
ichocho. 17 Kana kuti dai muviri wose waiva ziso, kunzwa kwaizovepiko?
Kana kuti dai muviri wose waive nzeve, ko, kunhuhwidza kwaizovepiko?
18 Asi zvino Mwari akaisa mitezo pamuviri, mumwe nomumwe wayo,
sezvaakada kuti ive. 19 Kana dai yose waiva mutezo mumwe, ko, muviri
waizovepiko? 20 Sezvazviri, kune mitezo mizhinji asi muviri mumwe.
21 Ziso haringati kuruoko, “Handinei newe!” Uye musoro haungati
kurutsoka, “Handinei newe!” 22 Asi kutoti mitezo yomuviri inenge isina
simba, ndiyo inodikanwa, 23 uye mitezo yatinofunga kuti haikudzwi
ndiyo yatinokudza kwazvo, 24 asi mitezo yakanaka haidi kushongedzwa.
Asi Mwari akabatanidza mitezo yomuviri uye akapa kukudzwa kukuru
kumitezo iya isingakudzwi, 25 kuitira kuti parege kuva nokupesana
pamuviri, asi kuti mitezo ichengetane zvakaenzana. 26 Kana mumwe
mutezo uchitambudzika, mitezo yose inotambudzika pamwe chete nawo;
kana mutezo mumwe ukakudzwa, mitezo yose inofara pamwe chete nawo.
27 Zvino imi muri muviri waKristu, uye mumwe nomumwe wenyu
mutezo wawo. 28 Uye mukereke, Mwari akagadza pakutanga vapostori,
vechipiri vaprofita, vechitatu vadzidzisi, tevere vaiti vezvishamiso, uye
navane zvipo zvokuporesa, navanobatsira vamwe, vaya vane zvipo
zvokufambisa basa, uye navaya vanotaura nendimi dzakasiyana-siyana.
29 Vose vapostori here? Vose vaprofita here? Vose vadzidzisi here? Vose
vanoita zvishamiso here? 30 Vose vane zvipo zvokuporesa here? Vose
vanotaura nendimi here? Vose vanodudzira here? 31 Asi shuvai kwazvo
zvipo zvikuru.

*Rudo*

Uye zvino ndichakuratidzai nzira yakanaka kupfuura dzose.

# 13

1 Kunyange ndikataura nendimi dzavanhu nedzavatumwa, asi ndisina
rudo, ndakaita sedare rinorira kana ndarira dzinongoti ngwerengwere.
2 Kana ndine chipo chokuprofita uye ndichinzwisisa zvakavanzika zvose
noruzivo rwose, uye kana ndino kutenda kunofambisa makomo, asi
ndisina rudo, handisi chinhu. 3 Kana ndikagovera zvose zvandinazvo
kuvarombo uye kana ndikaisa muviri wangu kuti upiswe, asi kana ndisina
rudo, hazvindibatsiri chinhu.
4 Rudo runo mwoyo murefu, rudo runo mwoyo munyoro. Haruna
godo, haruna manyawi haruzvikudzi. 5 Haruiti zvokuvirimira vamwe,
harutsvaki zvarwo, harukurumidzi kutsamwa, haruna pfundi pfundi.
6 Rudo harufariri zvakaipa, asi runofarira chokwadi. 7 Runodzivirira
nguva dzose, runovimba nguva dzose, rune tariro nguva dzose, runot-
sungirira nguva dzose.
8 Rudo harutongoperi. Zvino kana kuri kuprofita, kuchapera; kana dziri
ndimi, dzichagumiswa; kana rwuri ruzivo, ruchapfuura. 9 Nokuti tinoziva
zvisakakwana uye tinoprofita zvisakakwana, 10 asi kana zvakakwana

zvasvika, zvisakakwana zvichabviswa. 11 Pandaiva mwana ndaitaura
somwana, ndaifunga somwana, ndairangarira somwana. Zvino zvandava
murume, ndakabvisa zvinhu zvoumwana. 12 Nokuti zvino tinoona asi
hationi zvakanaka somuchionioni; asi nenguva iyo tichaonana chiso
nechiso. Iye zvino ndinoziva zvisakakwana; asi ndichaziva zvizere,
kunyange sezvandinozivikanwa zvizere.
13 Uye zvinhu zvitatu izvi ndizvo zvinogara, zvinoti kutenda, tariro
norudo. Asi chikuru pakati peizvi ndirwo rudo.

# 14

*Zvipo zvoKuprofita noKutaura neNdimi*

1 Teverai nzira yorudo uye mushuve kwazvo zvipo zvomweya, zvikuru
sei chipo chokuprofita. 2 Nokuti ani naani anotaura nendimi haatauri
kuvanhu asi kuna Mwari. Zvirokwazvo, hapana anomunzwa; anotaura
zvakavanzika mumweya wake. 3 Asi anoprofita anotaura kuvanhu
kuti vasimbiswe, vakurudzirwe uye kuti vanyaradzwe. 4 Uyo anotaura
nendimi anozvisimbisa iye asi anoprofita anosimbisa kereke. 5 Ndinoda
kuti mumwe nomumwe wenyu ataure nendimi, asi zvikuru kuti muprof-
ite. Anoprofita mukuru kuna anotaura nendimi, asi kunze kwokunge
achidudzira, kuti kereke igosimbiswa.
6 Zvino hama, kana ndikauya kwamuri ndichitaura nendimi, ndingaku-
batsirai seiko, asi kuti kana ndichitaura nokuzarurirwa kana ruzivo kana
chiprofita kana shoko rokurayira? 7 Kunyange zvinhu zvisina upenyu
zvinorirawo wani, zvakaita senyere kana rudimbwa, munhu achaziva
seiko kana zvisingasiyani pakurira kwazvo? 8 Uyezve kana hwamanda
isingariri kwazvo, ndianiko angagadzirira kundorwa? 9 Zvakadaro nemi.
Kana musingatauri mashoko nendimi dzinonyatsozivikanwa, ko, pane
anganzwa here zvamunotaura? Nokuti muchangotaura henyu mumhepo.
10 Zvirokwazvo panyika pane mitauro mizhinji yakasiyana-siyana, asi
hakuna kana mumwe usina zvaunoreva. 11 Zvino kana ndisinganzwisisi
zvinotaurwa nomunhu, ndiri mutorwa kumutauri, uye naiyewo mutorwa
kwandiri. 12 Zvakadarowo nemi. Sezvo muchishuva zvipo zvoMweya,
edzai zvikuru kushingairira zvipo zvinovaka kereke.
13 Nokuda kwechikonzero ichi, ani naani anotaura nendimi
anofanira kunyengetera kuti adudzirewo zvaanotaura. 14 Nokuti
kana ndichinyengetera nendimi, mweya wangu ndiwo unonyengetera,
asi kufunga kwangu hakuna zvibereko. 15 Zvino ndichaiteiko?
Ndichanyengetera nomweya wangu, ndichanyengeterawo nokufunga
kwangu; ndichaimba nomweya wangu, asi ndichaimbawo nokufunga
kwangu. 16 Kana uchirumbidza Mwari nomweya wako, ko, uyo agere
pakati pavasingazivi achati, “Ameni” seiko, pakuvonga kwako, sezvo
asinganzwisisi zvauri kutaura? 17 Unogona kunge uchivonga zvako
zvakanaka, asi mumwe munhu haasimbiswi.
18 Ndinovonga Mwari kuti ndinotaura nendimi zhinji kupfuura imi
mose. 19 Asi mukereke ndingada zvangu kutaura mashoko mashanu
nokufunga kwangu kuti ndidzidzise vamwe pano kutaura mashoko zviuru
gumi norumwe rurimi.
20 Hama, regai kufunga savana. Pazvinhu zvakaipa ivai savacheche, asi
pakufunga kwenyu muve savanhu vakuru. 21 MuMurayiro makanyorwa
muchinzi:
“Kubudikidza navanhu vedzimwe ndimi

uye kubudikidza nemiromo yavatorwa,
ndichataura kuvanhu ava,
asi kunyange zvakadaro havanganditeereri,”
ndizvo zvinotaura Ishe.
[22] Naizvozvo, ndimi hadzizi chiratidzo kuvatendi asi kuna vasingatendi;
asiwo chiprofita ndechavatendi, kwete vasingatendi. [23] Saka kana kereke
yose yaungana pamwe chete uye vose vakataura nendimi, uye vamwe
vasinganzwisisi kana vasingatendi vakapinda, havangati mava kupenga
here? [24] Asi kana asingatendi kana mumwe munhu asinganzwisisi
akapinda vanhu vose vachiprofita, achabatwa nazvo akaziva kuti iye
mutadzi uye kuti achatongwa nazvo, [25] uye zvakavanzika zvomweya wake
zvinoratidzwa. Naizvozvo achawira pasi nechiso chake agonamata Mwari,
uye agopupura kuti Mwari ari pakati penyu zvirokwazvo.

### *Mutoo wakanaka wokunamata nawo*

[26] Zvino tichatiiko, hama? Kana muchiungana, mumwe nomumwe ane
rwiyo, kana shoko rokurayira, chaakazarurirwa, ndimi kana kududzira.
Zvose izvi ngazviitwe kuti zvisimbise kereke. [27] Kana mumwe achitaura
nendimi, vaviri, kana vatowanda, vatatu, ngavataure mumwe mushure
momumwe, uye mumwe ngaadudzire. [28] Kana pasina anodudzira, ari
kutaura ngaanyarare mukereke uye ngaazvitaurire pachake uye nokuna
Mwari.
[29] Vaprofita vaviri kana vatatu ngavataure uye vamwe ngavanyatsoon-
gorora zvaataura. [30] Uye kana kuzarurirwa kwasvika kuno mumwe
munhu agere pasi, mutauri wokutanga ngaanyarare. [31] Nokuti mose
munogona kuprofita muchitevedzana mumwe mushure momumwe,
kuitira kuti vose varayirwe uye vakurudzirwe. [32] Mweya yavaprofita
inozviisa pasi pavaprofita. [33] Nokuti Mwari haasi Mwari wenyonganyonga
asi worugare.
Sezvinoitwa mune dzimwe kereke dzose dzavatsvene, [34] vakadzi
ngavanyarare mukereke. Havatenderwi kutaura asi ngavazviise pasi
sezvinoreva murayiro. [35] Kana vachida kubvunza chimwe chinhu,
ngavabvunze varume vavo kumba; nokuti hazvina kufanira kuti mukadzi
ataure mukereke.
[36] Ko, shoko raMwari rakatanga nemi here? Kana kuti rakasvika
kwamuri moga here? [37] Kana munhu achifunga kuti muprofita kana
kuti ane chipo chomweya, ngaatende kuti zvandinokunyorerai murayiro
waShe. [38] Kana akasatenda izvi, iye pachake ngaasatendwe.
[39] Naizvozvo, hama dzangu, ivai nechido chokuprofita, uye musadzivisa
kutaura nendimi. [40] Asi zvinhu zvose ngazviitwe nomutoo wakafanira uye
zvichitevedza mutemo.

# 15

### *Kumuka kwaKristu*

[1] Zvino hama, ndinoda kukuyeuchidzai vhangeri randakakuparidzirai,
iro ramakagamuchira uye ramakamira mariri. [2] Nevhangeri irori
munoponeswa, kana mukabatirira kwazvo pashoko randakakuparidzirai.
Zvimwe makatenda pasina.
[3] Nokuti zvandakagamuchira sezvinokosha pakutanga ndizvo zvan-
dakakupaiwo: kuti Kristu akafira zvivi zvedu sezvazvakanyorwa muMag-
waro, [4] kuti akavigwa, akamutswa pazuva rechitatu sezvazvakanyorwa

muMagwaro, 5 uye kuti akazviratidza kuna Petro, tevere kuna vane gumi
navaviri. 6 Mushure mezvo akazviratidza kuhama dzaipfuura mazana
mashanu panguva imwe chete, vazhinji vavo vachiri vapenyu, kunyange
zvazvo vamwe vavete. 7 Ipapo akazozviratidza kuna Jakobho, mushure
mezvo kuvapostori, 8 uye pakupedzisira akazozviratidza kwandiriwo,
sokuna akazvarwa nguva isati yasvika.

9 Nokuti ndiri muduku kuvapostori vose, uye handikodzeri kunzi
mupostori, nokuti ndakatambudza kereke yaMwari. 10 Asi nokuda
kwenyasha dzaMwari ndiri zvandiri uye nyasha dzake kwandiri hadzina
kuva pasina. Kwete, ndakashanda kupfuura vose, asi ndisiri ini, asi nyasha
dzaMwari dzaiva neni. 11 Ipapo kunyange dai ndiri ini kana ivo, izvi
ndizvo zvatinoparidza, uye izvi ndizvo zvamakatenda.

### *Kumutswa kwaVakafa*

12 Asi kana kuchiparidzwa kuchinzi Kristu akamutswa kubva kuvakafa,
ko, vamwe venyu vangareva sei kuti hakuna kumutswa kwavakafa?
13 Kana kusina kumutswa kwavakafa, saka naizvozvowo Kristu haana
kumutswa. 14 Zvino kana Kristu asina kumutswa, kuparidza kwedu
hakuna maturo, saizvozvowo nokutenda kwenyu. 15 Pamusoro pezvo,
tichaonekwa tiri zvapupu zvaMwari zvenhema, nokuti takapupura kuti
Mwari akamutsa Kristu kubva kuvakafa. Asi haana kumumutsa kana zvi-
rokwazvo vakafa vasingamutswi. 16 Nokuti kana vakafa vasingamutswi,
saizvozvowo Kristu haana kumutswa kuvakafa. 17 Uye kana Kristu asina
kumutswa, kutenda hakubatsiri; muchiri muzvivi zvenyu. 18 Naizvozvowo
vose vakafa muna Kristu vakatorasikawo. 19 Kana tine tariro muna Kristu
nokuda kwoupenyu huno chete, tinonzwisa urombo kupfuura vanhu vose.

20 Asi, zvirokwazvo Kristu akamutswa kubva kuvakafa, akava chibereko
chokutanga chavavete. 21 Nokuti sezvo rufu rwakauya kubudikidza
nomunhu mumwe, kumuka kuvakafa kwakauyawo kubudikidza no-
munhu mumwe. 22 Nokuti, sokufa kwakaita vanhu vose muna Adhamu,
naizvozvowo muna Kristu vose vachaitwa vapenyu. 23 Asi mumwe
nomumwe padzoro rake: Kristu chibereko chokutanga; ipapo paanouya,
tevere vose vanova vake. 24 Ipapo magumo achasvika, panguva yaacha-
zopa umambo kuna Mwari Baba mushure mokunge aparadza ushe hwose,
ukuru hwose nesimba rose. 25 Nokuti anofanira kubata ushe kusvikira
aisa vavengi vake vose pasi petsoka dzake. 26 Muvengi wokupedzisira
achaparadzwa ndirwo rufu. 27 Nokuti akaisa zvinhu zvose pasi petsoka
dzake. Zvino kana achiti "zvinhu zvose" zvakaiswa pasi petsoka dzake,
zviri pachena kuti izvi hazvisanganisiri Mwari pachake, iye akaisa zvinhu
zvose pasi paKristu. 28 Kana achinge aita izvi, ipapo Mwanakomanawo
pachake achaiswa pasi paiye akaisa zvinhu zvose pasi pake kuti Mwari
agova zvose mune zvose.

29 Zvino kana kusina kumuka, ko, vakabhabhatidzirwa vakafa vac-
hazoiteiko? Kana vakafa vasingamutswi, seiko vanhu vachivabhab-
hatidzirwa? 30 Uye kana tiri isu, tinozviisireiko panjodzi nguva dzose?
31 Ndinofa zuva nezuva, ndinorevesa hama dzangu, zvirokwazvo sez-
vandinozvirumbidza pamusoro penyu muna Kristu Jesu Ishe wedu.
32 Kana ndakarwa nezvikara paEfeso nokuda kwezvikonzero zvapanyama,
zvakandibatsireiko? Kana vakafa vasingamutswi,

"Ngatidyei uye tinwe,
nokuti mangwana tichafa."

33 Musanyengerwa: "Ushamwari hwakaipa hunoodza tsika dzakanaka."
34 Dzokai pandangariro dzenyu sezvamakafanira, uye murege kutadza;
nokuti kuna vamwe vasingazivi Mwari. Ndinotaura izvi kuti munyadziswe.

*Muviri wokumuka nawo*

35 Asi mumwe angabvunza achiti, "Ko, vakafa vanomutswa sei?
Vachauya nomuviri wakaita seiko?" 36 Upenzi hwakadii! Chaunodyara
hachingameri kana chisina kufa. 37 Kana ukadyara haudyari muviri
uchazovapo, asi tsanga bedzi, ingava yegorosi kana chimwe chinhuwo
zvacho. 38 Asi Mwari anoipa muviri sezvaanoda, uye kumbeu imwe
neimwe muviri wayo. 39 Nyama yose haina kufanana: Vanhu vane rumwe
rudzi rwenyama, mhuka dzinewo rumwe rudzi, shiri rumwewo, uye
nehove dzinewo rumwe. 40 Kunewo miviri yokudenga, nemiviri yenyika;
asi kubwinya kwemiviri yokudenga ndokumwe kubwinya, kwemiviri
yapanyika ndokumwe. 41 Zuva rino kubwinya kwaro, mwedzi unewo
kumwe, nenyeredzi dzinewo kumwe; uye nyeredzi haifanani neimwe nyeredzi pakubwinya.

42 Ndizvo zvazvichazova pakumuka kwavakafa. Muviri unodyarwa
uri unoparara, unomutswa usisaparari; 43 unodyarwa pakuzvidzwa, unomutswa mukubwinya; unodyarwa muutera, unomutswa musimba;
44 unodyarwa uri muviri wenyama, unomutswa uri muviri womweya.

Kana kune muviri wenyama, kune muviri womweyawo. 45 Naizvozvo
kwakanyorwa kuchinzi: "Munhu wokutanga, Adhamu, akava munhu mupenyu;" Adhamu wokupedzisira akava mweya unopa upenyu. 46 Mweya
hauna kuuya pakutanga, asi nyama, uye mushure mezvo mweya.
47 Munhu wokutanga akanga ari guruva renyika, munhu wechipiri akanga
achibva kudenga. 48 Sezvakanga zvakaita munhu wapanyika, ndizvowo
zvakaita vaya vari venyika; uyewo sezvakaita munhu akabva kudenga,
ndizvo zvakaitawo vaya vari vokudenga. 49 Uye sezvatakanga tine
mufananidzo womunhu wapanyika, saizvozvowo tichava nomufananidzo womunhu akabva kudenga.

50 Zvino, hama, ndinoti kwamuri nyama neropa hazvingagari nhaka
youmambo hwaMwari, uye zvinoparara hazvingagari nhaka yezvisingaparari. 51 Teererai, ndinokutaurirai chakavanzika: Hatingafi tose,
asi tose tichashandurwa, 52 pakarepo, sokubwaira kweziso, pahwamanda yokupedzisira. Nokuti hwamanda icharira, vakafa vachamutswa
mukusaparara, uye tichashandurwa. 53 Nokuti chinoparara chinofanira kufuka kusaparara, uye chinofa chinofanira kufuka kusafa.
54 Kana chinoparara chikafuka kusaparara, uye chinofa chikafuka kusafa,
ipapo tsumo yakanyorwa ichazadziswa yokuti: "Rufu rwakamedzwa nokukunda."
55 "Kuripiko kukunda kwako iwe rufu?
Rwuripiko rumborera rwako, iwe rufu?"
56 Rumborera rwerufu ndicho chivi, uye simba rechivi ndiwo murayiro.
57 Asi Mwari ngaavongwe! Anotipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu.

58 Naizvozvo, hama dzangu dzinodikanwa, mirai makasimba.
Pashayiwe chinhu chingakuzungunusai. Muchishandira Ishe zvikuru nguva dzose, nokuti munoziva kuti kubata basa kwenyu muna She hakungavi pasina.

# 16

*Zvipo zvakaunganidzirwa vanhu vaMwari*

1 Zvino pamusoro pezvipo zvakaunganidzirwa vanhu vaMwari: Itaiwo
sezvandakarayira kereke dzavaGaratia kuti dziite. 2 Nomusi wokutanga
wevhiki roga roga, mumwe nomumwe wenyu ngaakamure mari kubva
pamari yake zvichienderana napaanowana napo, muiunganidze pamwe
chete, kuitira kuti pandinouya kurege kuzounganidzwa zvipo. 3 Zvino,
kana ndasvika, ndichazopa matsamba okuzivisa kuvarume vamunenge
masarudza uye ndichavatuma nechipo chenyu kuJerusarema. 4 Kana
zvakafanira kuti ndiendewo, vachaenda neni.

*Zvikumbiro zvaPauro*

5 Mushure mokupfuura nokuMasedhonia, ndichauya kwamuri, nokuti
ndichapfuura nokuMasedhonia. 6 Zvimwe ndichagara nemi kwechin-
guva, kana kutopedza nguva yechando, kuitira kuti mugondibatsirawo
parwendo rwangu, kwose kwandinoenda. 7 Nokuti handidi kukuonai
zvino nokukushanyirai ndichingopfuura bedzi; ndine tariro yokuva nemi
kwechinguvana, kana Ishe akatendera. 8 Asi ndichati garei paEfeso
kusvikira paPendekosti, 9 nokuti ndazarurirwa musuo mukuru wokuita
basa guru, uyewo kune vazhinji vanondipikisa.
10 Kana Timoti akauya, chenjerai kuti agare nemi asina chaangatya
ari pakati penyu nokuti anobata basa raShe, sezvandinoita neniwo.
11 Naizvozvo, ngakurege kuva nomumwe anoramba kumugamuchira.
Muperekedzei parwendo rwake norugare kuti akwanise kuuya kwandiri.
Ndiri kumutarisira pamwe chete nehama.
12 Zvino pamusoro pehama yedu Aporosi: Ndakamukurudzira kwazvo
kuti auye kwamuri pamwe chete nedzimwe hama. Akanga asingadi kuuya
iye zvino, asi achauya kana awana mukana.
13 Rindai; mirai nesimba mukutenda; ivai varume vakashinga; ivai
nesimba. 14 Itai zvinhu zvose murudo.
15 Munoziva kuti mhuri yaStefanasi ndivo vakava vatendi vokutanga
muAkaya, uye vakazvipira kushumira vatsvene. Ndinokukurudzirai
hama, 16 kuti muzviise pasi pevakadai seava nepasi pavose vanobatana
nesu pabasa, uye nevanoshingaira pariri. 17 Ndakafara pakasvika
Stefanasi, naFochunatusi naAkayikasi, nokuti vakandiitira zvamakanga
musingagoni kundiitira imi. 18 Nokuti vakazorodza mweya wangu
neyenyuwo. Varume vakadai vanofanira kukudzwa.

*Kwaziso*

19 Kereke dziri mudunhu reEzhia dzinokukwazisai. Akwira naPirisira
vanokukwazisai zvikuru muna She, uyewo nekereke inoungana mumba
mavo.
20 Hama dzose dziri kuno dzinokukwazisai. Kwazisanai nokutsvoda
kutsvene.

21 Ini Pauro, ndanyora kwaziso iyi noruoko rwangu.

22 Kana mumwe munhu asingadi Ishe, kutukwa ngakuve pamusoro
pake. Uyai, imi Ishe!

23 Nyasha dzaIshe Jesu ngadzive nemi.

24 Rudo rwangu ngaruve nemi mose muna Kristu Jesu. Ameni.

# 2 VAKORINDE

1 Pauro, mupostori waKristu Jesu nokuda kwaMwari, naTimoti hama
yedu, kukereke yaMwari iri muKorinde, pamwe chete navatsvene vose
vari muAkaya yose:

2 Nyasha norugare ngazvive kwamuri zvichibva kuna Mwari Baba vedu
naIshe Jesu Kristu.

*Mwari woKunyaradza Kwose*

3 Ngaarumbidzwe Mwari naBaba vaIshe wedu Jesu Kristu, ivo Baba
vengoni naMwari wokunyaradza kwose, 4 ivo vanotinyaradza pa-
matambudziko edu ose, kuti tigone kunyaradza avo vari mumatam-
budziko nokunyaradza kwatakawana isu kubva kuna Mwari. 5 Nokuti
sokuwanda kunoita matambudziko aKristu muupenyu hwedu, ndiko
kuwandawo kunoita kunyaradzwa kwedu naKristu. 6 Kana tichitam-
budzika, zvinoitirwa kunyaradzwa kwenyu noruponeso rwenyu, kana
tichinyaradzwa, zvinoitirwa kunyaradzwa kwenyu, kunobereka mamuri
kutsungirira pamatambudziko iwayo atinotambudzika nawo. 7 Uye
tariro yedu kwamuri yakasimba, nokuti tinoziva kuti sezvamunogoverana
nesu mumatambudziko edu, saizvozvowo muchagoverana nesu mukun-
yaradzwa kwedu.

8 Hatidi kuti murege kuziva, hama, pamusoro pamatambudziko akati-
wira tiri mudunhu reEzhia. Takaremerwa kwazvo, kupfuura zvatakagona
kutsungirira, zvokuti takati takanga tofa. 9 Zvirokwazvo mumwoyo medu
takanzwa kuti takanga tatongerwa rufu. Asi izvi zvakaitika kuti tirege
kuvimba nesimba redu asi naMwari, anomutsa vakafa. 10 Akatidzikinura
padambudziko guru rorufu rakadai, uye achatidzikinura. Paari ndipo
pane tariro yedu kuti acharamba achitidzikinura, 11 imi muchitibatsirawo
neminyengetero yenyu. Ipapo vazhinji vachavonga pamusoro pedu
nokuda kwenyasha zhinji dzatichapiwa pakupindurwa kweminyengetero
yavazhinji.

*Pauro anoshandura urongwa hwake*

12 Zvino uku ndiko kuzvirumbidza kwedu: Hana dzedu dzinotipupurira:
kuti takazvibata nokutendeka kunobva kuna Mwari, munyika uye kun-
yanya paukama hwedu nemi. Hatina kuita izvi nouchenjeri hwenyama,
asi maererano nenyasha dzaMwari. 13 Nokuti hatikunyorerei zvinhu
zvamusingagoni kuverenga kana kunzwisisa. Uye ndinovimba kuti,
14 sezvamakatinzwisisa pane zvimwe, muchazosvika pakunyatsotinzwi-
sisa zvakazara zvokuti muchazvirumbidza matiri sezvatichazvirumbidza
mamuri, pazuva raIshe Jesu.

15 Nokuti ndaiziva chinhu ichi, ndakaronga kuti nditange kuuya kwa-
muri kuti mugoropafadzwa kaviri. 16 Ndakaronga kukushanyirai ndiri
parwendo rwangu rwokuenda kuMasedhonia, uye ndaizodzokazve nok-
wamuri kana ndobva kuMasedhonia, uye kuti muzondiendesa parwendo
rwangu kuJudhea. 17 Pandakaronga izvi, ndakazviita ndisingarevesi here?
Kana kuti ndinoita urongwa hwangu nenzira yenyama here, zvokuti
ndingati nenzira imwe cheteyo, "Hongu, hongu" uye "Kwete, kwete."

18 Asi zvirokwazvo naMwari akatendeka, shoko redu kwamuri harizi
“Hongu” kana “Kwete.” 19 Nokuti Mwanakomana waMwari, Jesu Kristu,
uyo akaparidzwa pakati penyu neni naSirasi uye naTimoti, akanga asiri,
“Hongu” kana “Kwete”, asi maari zvakagara zviri “Hongu.” 20 Nokuti
hazvinei kuti Mwari akativimbisa zvinhu zvizhinji zvakadii, zvose
i“Hongu” muna Kristu. Uye kubudikidza naiye tinoti “Ameni” kuti Mwari
akudzwe. 21 Zvino ndiMwari anoita kuti tose imi nesu timire takasimba
muna Kristu. Akatizodza, 22 akaisawo chisimbiso patiri chokuti tava
vake, uye akaisa Mweya wake mumwoyo medu kuti ave rubatso, achipa
chisimbiso chezvichauya.
23 Ndinodana Mwari kuti ave chapupu changu kuti handina ku-
zouya kuKorinde nokuti ndakakunzwirai tsitsi. 24 Kwete nokuti tinoda
kuremedza kutenda kwenyu, asi kuti tinobatsirana nemi kuti muve
nomufaro, nokuti makamira zvakasimba nokuda kwokutenda.

## 2

1 Saka ndakati mumwoyo mangu handingaitizve rumwe rwendo
kwamuri runokutambudzai. 2 Nokuti kana ndichikuchemedzai, ndi-
aniko achasara kuti andifadze kunze kwenyu imi vandinochemedza?
3 Ndakanyora nenzira iyi kuitira kuti kana ndasvika ndirege kutsamwiswa
navaya vaifanira kundifadza. Ndakanga ndine tariro mamuri mose, kuti
muchagoverana neni mumufaro wangu. 4 Nokuti ndakakunyorerai ndino
kusuwa kukuru, nokurwadziwa mumwoyo uye nemisodzi mizhinji, kwete
kuti ndikuchemedzei asi kuti ndikuzivisei udzamu hworudo rwangu
kwamuri.

*Kuregererwa kwoMutadzi*

5 Kana mumwe akauyisa kuchema, haana kuchemedza ini
sokuchemedza kwaakaita imi mose, ndisingatauri mashoko akawanda.
6 Kurangwa kwaakaitwa navanhu vazhinji kwakamuringana. 7 Asi zvino,
munofanira kumuregerera nokumunyaradza, kuitira kuti arege kuodzwa
mwoyo kwazvo neshungu dzakanyanya. 8 Ndinokukurudzirai, naizvozvo,
kuti mumutsiridze rudo rwenyu kwaari. 9 Chikonzero chakaita kuti
ndikunyorerei chaiva chokuti ndione kana makanga muchigona kumira
nokuteerera muzvinhu zvose. 10 Kana muchiregerera munhu upi zvake
neniwo ndinomuregerera. Uye zvandakaregerera, kana pane chinhu
chandingaregerera, ndakaregerera pamberi paKristu nokuda kwenyu,
11 kuitira kuti Satani arege kutinyengera. Nokuti mano ake tinoaziva.

*Vashumiri veSungano Itsva*

12 Zvino pandakaenda kuTroasi kundoparidza vhangeri raKristu uye
ndikaona kuti Ishe akanga andizarurira musuo, 13 ndakanga ndisina
rugare mumwoyo mangu, nokuti handina kuwanako Tito hama yangu.
Saka ndakaonekana navo ndikaenda kuMasedhonia.
14 Asi Mwari ngaavongwe, anotikundisa nguva dzose pakufamba kwedu
muna Kristu uye kubudikidza nesu anoratidza kwose kwose kunhuhwirira
kworuzivo rwake. 15 Nokuti isu tiri kunhuhwirira kwaKristu kuna
Mwari pakati peavo vari kuponeswa nevari kuparara. 16 Kuno mumwe
tiri munhuwi worufu; kuno mumwewo tiri kunhuhwirira kwoupenyu.
Zvino ndianiko angakwanisa basa rakadai? 17 Nokuti hatina kufanana
navazhinji vanokanganisa shoko raMwari vachida kuwana mugove kubva
pariri. Asi, tinotaura muna Kristu nokutendeka pamberi paMwari,
savanhu vakatumwa naMwari.

## 3

1 Tava kutangazve kuzvirumbidza here? Kana kuti tinotsvaka
here, savamwe, tsamba dzinoenda kwamuri kana dzinobva kwamuri
dzinotirumbidza? 2 Imi pachenyu ndimi tsamba yedu, yakanyora pam-
woyo yedu, inozivikanwa uye inoverengwa navanhu vose. 3 Munoonekwa
kuti muri tsamba yakabva kuna Kristu, basa roushumiri hwedu, yakany-
orwa, kwete neingi, asi noMweya waMwari mupenyu, kwete pamahwen-
defa amabwe, asi pamahwendefa emwoyo yavanhu.

4 Kutenda kwakadai souku tinako kubudikidza naKristu pamberi
paMwari. 5 Kwete nokuti tinogona isu pachedu, zvokuti titi chakati
ndechedu, asi kugona kwedu kunobva kuna Mwari. 6 Akatigonesa
savashumiri vesungano itsva, kwete yakanyorwa asi yoMweya; nokuti
tsamba inouraya, asi Mweya anopa upenyu.

*Kubwinya kweSungano Itsva*

7 Zvino kana kushumira kwakauyisa rufu, kwakanga kwakatemwa
namavara pamabwe, kwakauya nokubwinya zvokuti vaIsraeri vakanga
vasingagoni kuramba vakatarisa pachiso chaMozisi nokuda kwokub-
winya kwacho, kunyange kwakanga kuchipfuura hako, 8 ko, kushumira
kwaMweya hakungavi nokubwinya kukuru here? 9 Kana kushumira
kwakauyisa kutongwa kuvanhu kuchibwinya, ko, kuzoti kushumira
kunouyisa kururama kunobwinya zvikuru sei! 10 Nokuti chaibwinya
hachisisina kubwinya zvino kana tichichienzanisa nokubwinya kunochip-
fuura. 11 Uye kana chakanga chichizopfuura chakauya nokubwinya, ko,
kuzoti chinogara chichava nokubwinya kukuru sei!

12 Naizvozvo, zvatine tariro yakadai, takashinga zvikuru. 13 Hatina
kufanana naMozisi aiisa chifukidziro pachiso chake kuti vaIsraeri varege
kuchitarisa kupenya pakwainge kwava kupera. 14 Asi ndangariro dzavo
dzakapofumadzwa, nokuti chifukidziro chimwe chetecho chichiripo kana
sungano yakare ichiverengwa. Hachina kubviswa, nokuti chinongobviswa
chete muna Kristu. 15 Kunyange kusvikira zuva ranhasi kana Mozisi
achiverengwa, chifukidziro chinofukidza mwoyo yavo. 16 Asi kana munhu
akatendeukira kuna She chete, chifukidziro chinobviswa. 17 Zvino Ishe
ndiye Mweya, uye pane Mweya waShe, pano kusununguka. 18 Zvino
isu, vane zviso zvisina kufukidzwa tose tinoratidza kubwinya kwaShe,
tiri kushandurwa kuti tifanane naye nokubwinya kunoramba kuchiwedz-
erwa, kunobva kuna Ishe, anova iye Mweya.

## 4

*Pfuma iri muMidziyo Yevhu*

1 Naizvozvo, sezvo tine ushumiri uhu kubudikidza netsitsi dzaMwari,
hatiori mwoyo. 2 Asi takaramba zvinhu zvakavanzika uye nenzira
dzinonyadzisa; hatishandisi unyengeri, uye hatiminamisi shoko raMwari.
Asi pakuratidza kwedu zvokwadi, tinozvireverera muhana yomunhu wose
pamberi paMwari. 3 Uye kunyange zvazvo vhangeri redu rakafukidzwa,
rakafukidzwa kuna avo vari kuparara. 4 Vasingatendi vakapofumadzwa
ndangariro dzavo namwari wenyika ino, kuti varege kuona chiedza
chevhangeri rokubwinya kwaKristu, anova mufananidzo waMwari.
5 Nokuti hatizviparidzi isu, asi Jesu Kristu saShe, uye isu savaranda venyu
nokuda kwaJesu. 6 Nokuti Mwari akati, “Chiedza ngachipenye murima,”

akaita kuti chiedza chake chipenye mumwoyo yedu kuti tiwane chiedza choruzivo rwokubwinya kwaMwari muchiso chaKristu.
[7] Asi pfuma iyi tinayo mumidziyo yevhu kuratidza kuti simba iri
rinopfuura zvose rinobva kuna Mwari kwete kwatiri. [8] Tinomanikidzwa
kumativi ose, asi hatipwanyiwi; tinokanganiswa, asi hatina kuora mwoyo;
[9] tinotambudzwa, asi hatina kusiyiwa; takawisirwa pasi, asi hatina
kuparadzwa. [10] Tinoramba tichitakura nguva dzose mumuviri wedu kufa
kwaJesu, kuti upenyu hwaJesu huratidzwewo mumuviri wedu. [11] Nokuti
isu vapenyu tinoramba tichiiswa kurufu nokuda kwaJesu, kuti upenyu
hwake huratidzwe mumuviri wedu unofa. [12] Saka naizvozvo kufa
kunobata matiri, asi upenyu hunobata mamuri.
[13] Kwakanyorwa kuchinzi: "Ndakatenda; naizvozvo ndikataura."
Nomweya mumwe chete iwoyo wokutenda takatendawo uye naizvozvo
tinotaura, [14] nokuti tinoziva kuti iye akamutsa Ishe wedu Jesu kubva
kuvakafa achazotimutsawo pamwe chete naJesu uye agotisvitsa pamberi
pake pamwe chete nemi. [15] Izvi zvose zvinoitwa nokuda kwenyu, kuitira
kuti nyasha dziri kusvikira vanhu vazhinji dziwanze kuvonga kuti Mwari
akudzwe.
[16] Naizvozvo hatiori mwoyo. Kunyange zvazvo kunze tichiparara,
asi mukati tiri kuvandudzwa zuva nezuva. [17] Nokuti chiedza chedu
nokutambudzika kwedu kwechinguva chiduku zviri kutiitira kubwinya
kusingaperi, kukuru kupfuura zvose. [18] Naizvozvo hatitarisi zvinoonekwa,
asi zvisingaonekwi. Nokuti zvinoonekwa zvinopfuura, asi zvisingaonekwi
zvinogara nokusingaperi.

# 5

*Imba yedu yoKudenga*

[1] Zvino tinoziva kuti kana imba yedu yapanyika yatinogara mairi
iyi yaparadzwa, tine imba inobva kuna Mwari, imba isina kuvakwa
namaoko avanhu, inogara nokusingaperi kudenga. [2] Pari zvino tino-
gomera, tichishuva kupfekedzwa muviri wedu wokudenga, [3] nokuti kana
tichinge tapfekedzwa, hatizowanikwi takashama. [4] Nokuti kana tiri
mutende ino, tinogomera uye tichiremerwa, nokuti hatishuvi kugara tisina
kupfekedzwa muviri wedu wokudenga, kuti icho chinofa chimedzwe
noupenyu. [5] Zvino Mwari ndiye akatigadzirira chinhu ichi, uye akatipawo
Mweya sorubatso, achisimbisa zvinouya.
[6] Naizvozvo tinotsunga mwoyo nguva dzose uye tinoziva kuti kana
tichigara mumuviri, tiri kure naIshe. [7] Tinorarama nokutenda, kwete
nokuona. [8] Ndinoti tinotsunga mwoyo, kuti, zviri nani kubva mumuviri
ndive kumusha naShe. [9] Saka chinangwa chedu ndechokuti timufadze,
kunyange tiri mumuviri kana kunyange tisingagarimo. [10] Nokuti tose
tinofanira kumira pamberi pechigaro chokutonga chaKristu, kuti mumwe
nomumwe apiwe zvakamufanira pazvinhu zvaakaita nomuviri wake,
zvingava zvakanaka kana zvakaipa.

*Ushumiri hwoKuyananisa*

[11] Zvino, sezvo tichiziva kuti kutya Ishe chii, tinoedza kugombedzera
vanhu. Zvatiri zviri pachena kuna Mwari, uye ndinovimbawo kuti
zviri pachena kuhana dzenyu. [12] Hatisi kuedza kuzvirumbidza kwamuri
zvakare, asi tiri kukupai mukana wokuti muzvirumbidze nokuda kwedu,

kuti mugone kupindura vaya vanozvirumbidza nokuda kwezvinhu zvi-
noonekwa panzvimbo yezvinhu zviri mumwoyo. 13 Kana tichipenga,
tinodaro nokuda kwaMwari; kana tiri vanhu kwavo, tinodaro nokuda
kwenyu. 14 Nokuti rudo rwaKristu runotimanikidza, nokuti tinoziva kuti
mumwe chete akafira vose, uye naizvozvo vose vakafa. 15 Uye iye akafira
vose, kuitira kuti vose vasazviraramira asi vararamire iye akavafira
akamutswazve kubva kuvakafa.

16 Saka kubva zvino hatitongozivi munhu namaziviro enyika. Kun-
yange zvedu takaziva Kristu kare nenzira iyi, hatichamuziva saizvozvo.
17 Naizvozvo kana munhu ava muna Kristu, ava chisikwa chitsva; zvakare
zvapfuura, zvinhu zvose zvava zvitsva! 18 Zvose izvi zvakabva kuna
Mwari, akatiyananisa naye kubudikidza naKristu uye akatipa ushumiri
hwokuyananisa: 19 ndiko kuti Mwari akanga achiyananisa nyika kwaari
muna Kristu, asingaverengeri vanhu zvivi zvavo. Uye akatipa shoko
rokuyananisa. 20 Naizvozvo tiri vamiririri vaKristu, sokunge Mwari ari
kusvitsa chikumbiro chake kubudikidza nesu. Tinokukumbirai nokuda
kwaKristu tichiti: Yananiswai naMwari. 21 Mwari akaita kuti uyo akanga
asina chivi ave chivi nokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama
kwaMwari.

# 6

1 Savashandi pamwe chete naMwari tinokukurudzirai kuti muregе
kugamuchira nyasha dzaMwari pasina. 2 Nokuti iye anoti,
“Ndakakunzwa panguva yenyasha dzangu,
uye pazuva roruponeso ndakakubatsira.”
Ndinokuudzai, zvino ndiyo nguva yenyasha dzaMwari, zvino ndiyo nguva
yoruponeso.

### *Matambudziko aPauro*

3 Hatiisi chigumbuso munzira yomunhu, kuti ushumiri hwedu
hurege kuzvidzwa. 4 Asi savaranda vaMwari tinozvirumbidza pane
zvakanaka munzira dzose: mukutsungirira kukuru, mumatambudziko,
mukuomerwa, uye nemunhamo; 5 mukurohwa, kusungwa nomubope;
mukushanda zvakaoma, mukusavata nokushayiwa zvokudya;
6 mukuchena, kunzwisisa, mwoyo murefu nengoni muMweya Mutsvene
uye nomurudo rwechokwadi; 7 mushoko rechokwadi nomusimba
raMwari; nenhumbi dzokurwa nadzo dzokururama kuruoko rworudyi
nokuruboshwe, 8 mukukudzwa nomukusakudzwa, muguhu rakaipa
neguhu rakanaka; tiri vechokwadi, asi tichionekwa savanyengeri;
9 tinozivikanwa tichionekwa setisingazivikanwi; tinofa, asi tichiramba
tichirarama, tinorohwa asi hatifi; 10 savanochema, asi tichigara tichifara;
savarombo, asi tichipfumisa vazhinji; setisina chinhu, asi tinazvo zvose.

11 Takataura kwamuri pachena, imi vaKorinde, uye takazarura mwoyo
yedu kwamuri. 12 Hatisi kukunyimai rudo rwedu, asi imi munotinyima
rwenyu. 13 Sokutsinhana kwakanaka, ndinotaura sokuvana vangu,
zaruraiwo mwoyo yenyu.

### *Musafambidzana naVasingatendi*

14 Musasungwa zvisina kufanira pajoko rimwe chete navasingatendi.
Nokuti kururama kungava noukama hweiko nokusarurama? Kana kuti
chiedza chingawadzana seiko nerima? 15 Ko, Kristu anganzwanana
seiko naBheriari? Ko, mutendi angava nomugove weiko neasingatendi?

16 Ko, temberi yaMwari ingatenderana seiko nezvifananidzo? Nokuti tiri temberi yaMwari mupenyu. Sezvakarehwa naMwari, achiti, "Ndichagara pakati pavo ndigofamba navo, uye ndichava Mwari wavo, ivo vagova vanhu vangu."
17 " 'Saka budai mubve pakati pavo
uye muzvitsaure,'
ndizvo zvinotaura Ishe.
'Musabata chinhu chine tsvina,
ini ndigokugamuchirai.' "
18 " 'Ndichava baba venyu,
uye imi muchava vanakomana vangu navanasikana vangu,'
ndizvo zvinotaura Ishe Wamasimba Ose."

# 7

1 Shamwari dzinodikanwa, sezvo tine zvipikirwa izvi, ngatizvinatsei
kubva pazvinhu zvinosvibisa muviri nomweya, tichikwanisa utsvene
pakutya Mwari.

### *Mufaro waPauro*

2 Tigadzirireiwo nzvimbo mumwoyo yenyu. Hatina munhu
watakatadzira, hatina munhu watakanyengera, hatina munhu watakaitira
zvisakarurama. 3 Handitauri izvi kuti ndikupei mhosva; ndakambotaura
kare kuti imi muri mumwoyo yedu zvokuti tingagona kurarama kana
kufa pamwe chete nemi. 4 Ndinovimba nemi zvikuru; ndinozvirumbidza
zvikuru nokuda kwenyu. Ndinokurudzirwa zvikuru; mumatambudziko
edu ose mufaro wangu hauna magumo.
5 Nokuti patakasvika kuMasedhonia, muviri wedu uyu hauna kuwana
zororo, asi takatambudzwa kumativi ose, zvaiti kukakavara kunze,
nokutya nechomukati. 6 Asi Mwari anonyaradza vakaora mwoyo, akatin-
yaradza pakauya Tito, 7 kwete nokuda kwokuuya kwake bedzi, asiwo
nokuda kwokunyaradza kwamakamupa. Akatiudza nezvokundishuva
kwenyu, kusuwa kwenyu kukuru, nokuva nehanya kwenyu pamusoro
pangu, saka mufaro wangu wakava mukuru kwazvo.
8 Kunyange zvazvo ndakakuchemedzai netsamba yangu, handizvidembi
nokuda kwaizvozvo. Kunyange zvangu ndakazvidemba, ndinoona kuti
tsamba yangu yakakurwadzai, asi kwenguva duku chete, 9 asi zvino
ndinofara, kwete nokuti makachema, asi nokuti kusuwa kwenyu kwakaita
kuti mutendeuke. Nokuti makava nokusuwa kukuru sezvaidiwa naMwari
uye nokudaro hamuna kukuvadzwa nesu nenzira ipi zvayo. 10 Nokuti
kusuwa kwoumwari kunouyisa kutendeuka uko kunotungamirira ku-
ruponeso uye hakuuyisi kudemba, asi kusuwa kwenyika kunouyisa rufu.
11 Tarirai zvaitwa mamuri nokusuwa uku kwoumwari: kushinga kukuru
kwakadii, ishungu dzakadii kuti muzvichenese, kutsamwa kwakadii
nokutya kwakadii nechishuvo chakadii, nehanya yakadii, nokuda kuona
kururamisira kuchiitwa kwakadii. Pazvinhu zvose mazviratidza kuti
hamuna mhosva panyaya iyi. 12 Saka kunyange zvangu ndakakunyorerai,
ndakanga ndisingazviiti nokuda kwaiye akaita zvakaipa, kana nokuda
kwaiye akaitirwa zvakaipa, asi kuti pamberi paMwari mugone kuzvionera
kuti makazvipira sei kwatiri. 13 Naizvozvi zvose tinokurudzirwa.
Pamusoro pokukurudzirwa kwedu, takanyanya kufadzwa zvikuru
nokuona mufaro wakanga una Tito, nokuti mweya wake wakasimbiswa
nemi mose. 14 Nokuti ndakanga ndazvirumbidza kwaari pamusoro penyu,
uye hamuna kundinyadzisa. Asi sezvo zvose zvatakataura pamusoro

penyu zvaiva chokwadi, saka kuzvirumbidza kwedu kuna Tito pamusoro
penyu kwakaratidza kuti ndokwechokwadiwo. 15 Uye rudo rwake kwa-
muri rukuru kwazvo paanorangarira kuti mose makanga muchiteerera,
pamakamugamuchira nokutya nokudedera. 16 Ndinofara kuti ndinogona
kuvimba nemi zvizere.

# 8

*Kupa kunokurudzirwa*

1 Uye zvino, hama, tinoda kuti muzive pamusoro penyasha dzakapiwa
naMwari kukereke dzeMasedhonia. 2 Pakati pokuedzwa kukuru, mu-
faro wavo mukuru nokushayiwa kwavo kukuru zvakaita kuti vape
zvizhinji. 3 Nokuti ndinopupura kuti vakapa napavaigona napo, uye
kunyange kutopfuura pavaigona napo. Vakaita zvose izvi nokuda kwavo,
4 vakakumbirisa kwazvo kwatiri kuti vawane mukana wokugoverana nesu
muushumiri uhu kuvatsvene. 5 Uye havana kuita sezvataifunga bedzi, asi
kuti vakazvipa ivo pachavo kutanga kuna Ishe mushure mezvo vakazvipa
kwatiri maererano nokuda kwaMwari. 6 Saka takakumbira zvikuru Tito,
kuti sezvaakanga atanga, apedzisewo basa iri renyasha kwamuri. 7 Asi
sezvamakagonesesa pazvinhu zvose, pakutenda, pakutaura, pakuziva,
napakushingaira kwose uye nomurudo rwenyu, onaiwo kuti mugonesese
munyasha idzi dzokupa.

8 Handisi kukurayirai, asi kuti ndinoda kuedza kutendeka kwerudo
rwenyu nokukuenzanisa nokushingaira kwavamwe. 9 Nokuti munoziva
nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu, kuti kunyange zvake akanga ari
mupfumi, asi nokuda kwenyu akava murombo, kuitira kuti kubudikidza
nourombo hwake imi mugopfumiswa.

10 Uye herino zano rangu pane zvichakubatsirai pachinhu ichi:
Gore rakapera makava vokutanga kwete pakupa chete asiwo pakuva
nechishuvo chokuzviita. 11 Zvino pedzisai basa, kuitira kuti shungu
dzenyu dzokuda kuita izvi, dzienzaniswe nokuzvizadzisa kwenyu, maer-
erano nepamunogona napo. 12 Nokuti kana chido chiripo, chipo chinoga-
muchirwa, maererano nezvine munhu, kwete maererano nezvaasina.
13 Chishuvo chedu hachisi chokuti vamwe varerukirwe asi imi
muchiremerwa, asi kuti pave nokuenzana. 14 Panguva ino kuwana
kwenyu kuchavawanisa zvavanoshayiwa, kuitirawo kuti kuwana kwavo
kugokuwanisaiwo zvamunoshayiwa. Ipapo pachava nokuenzana,
15 sezvazvakanyorwa zvichinzi: "Akaunganidza zvakawanda haana kuva
nezvakawandisa, uye akaunganidza zvishoma haana kuva nezvishoma
shoma."

*Tito anotumwa kuKorinde*

16 Ndinovonga Mwari, akaisa mumwoyo maTito hanya seyandinayo
kwamuri. 17 Nokuti Tito haana kugamuchira chikumbiro chedu bedzi,
asi kuti ari kuuyawo kwamuri nokushingaira kukuru uye nokuda
kwake hake. 18 Uye tiri kumutumira kwamuri pamwe chete nehama
inorumbidzwa nekereke dzose paushumiri hwevhangeri. 19 Hazvisizvo
zvoga, akasarudzwawo nekereke kuti atiperekedze pakutakura chipo
chatiri kundopa, kuti tikudze Ishe pachake uye kuti tiratidze shungu
dzedu dzokuda kubatsira. 20 Tinoda kuchenjerera kuti kurege kuva
nomunhu angatipa mhosva pamusoro pamabatiro atichaita chipo ichi

chikuru. 21 Nokuti tiri kuedza kwazvo kuita zvakanaka, kwete pamberi
paShe chete asiwo pamberi penyu.

22 Pamusoro pezvo, tiri kutuma hama yedu pamwe chete navo uyo
akaratidza kwatiri nenzira dzakawanda kuti anoshingaira, uye kun-
yanya iye zvino nokuda kwokuvimba kwake kukuru nemi. 23 Kana
ari Tito, ndiye shamwari yangu nomubati pamwe chete neni pakati
penyu; kana dziri hama dzedu, ndivo vamiririri vekereke uye kukudzwa
kwaKristu. 24 Naizvozvo ratidzai varume ava chiratidzo chorudo rwenyu
uye chikonzero chokuzvirumbidza kwenyu, kuitira kuti kereke dzigogona
kuzviona.

# 9

1 Handifaniri kunge ndichikunyorerai pamusoro poushumiri ku-
vatsvene. 2 Nokuti ndinoziva kuda kwamunako kuti mubatsire, uye
ndakanga ndichizvirumbidza nokuda kwaizvozvo kuna veMasedhonia,
ndichivaudza kuti kubvira gore rakapera, imi vari muAkaya makanga
matogadzirira kupa; uye kushingaira kwenyu kwakamutsa vazhinji vavo
kuti vapewo. 3 Asi ndiri kutumira hama kuitira kuti kuzvirumbidza
kwedu pamusoro penyu nokuda kwenyaya iyi kurege kuratidzwa pasina
chinhu, asi kuti muve makagadzirira sezvandakataura kuti muite. 4 Nokuti
zvimwe kana vamwe veMasedhonia vakauya neni uye vakakuwanai
musina kugadzirira, isu tisingarevi chimwe chinhu pamusoro penyu,
tichanyadziswa nokuda kwokuti takanga tichivimba nemi. 5 Saka
ndakaona zvakafanira kuti ndikurudzire hama kuti dzikushanyirei pa-
chine nguva uye kuti mugopedzisa kugadzirira nezvechipo chikuru
chamakavimbisa. Ipapo chichava chipo chakagadzirirwa chakapiwa
nomufaro, kwete sechipo chokumanikidzirwa.

### *Kudyara zvizhinji*

6 Rangarirai chinhu ichi: Ani naani anodyara zvishoma achakohwawo
zvishoma, uye ani naani anodyara zvizhinji achakohwawo zvizhinji.
7 Munhu mumwe nomumwe ngaape sezvaakafunga mumwoyo make
kuti ape, kwete kupa achitsutsumwa kana kuti achimanikidzwa, nokuti
Mwari anoda munhu anopa nomufaro. 8 Uye Mwari anogona kuita kuti
nyasha dziwande kwamuri, kuitira kuti muzvinhu zvose, panguva dzose,
muine zvose zvamunoda, muchakwanisa kuita mabasa ose akanaka.
9 Sezvazvakanyorwa zvichinzi:
"Akaparadzira zvipo zvake kuvarombo;
kururama kwake kunogara nokusingaperi."
10 Zvino iye anopa mbeu kumudyari nechingwa chokudya achakupaiwo
uye achakupaiwo mbeu zhinji mudura renyu uye agokupaiwo kukohwa
kukuru kwokururama kwenyu. 11 Muchapfumiswa pane zvose kuti
mugogona kupa panguva dzose, uye kubudikidza nesu kupa kwenyu
kuchaita kuti Mwari avongwe.

12 Ushumiri uhu hwamunoita, hahusi hwokungopa vanhu vaMwari
zvavanoshayiwa bedzi, asi kuti huri kufashukirawo mukuvonga kuzhinji
kuna Mwari. 13 Nokuda kwoushumiri uhwo hwamakazviratidza nahwo,
vanhu vacharumbidza Mwari nokuda kwokuteerera kwenyu kunoender-
ana nokupupura kwenyu vhangeri raKristu, uye nokuda kwokugoverana
kwenyu navo zvizhinji uye navamwe vose. 14 Uye muminyengetero yavo
pamusoro penyu mwoyo yavo ichakushuvai, nokuda kwenyasha huru

kwazvo dzamakapiwa naMwari. 15 Mwari ngaavongwe nokuda kwechipo
chake chisingagoni kurondedzerwa!

# 10

*Kuzvidavirira kwaPauro pamusoro poUshumiri hwake*

1 Nounyoro nokuzvidzora kwaKristu, ndinokumbira zvikuru kwamuri,
ini Pauro, “ndinotya” zvikuru kana ndichitarisana nemi chiso nechiso
asi, “handityi” kana ndisipo! 2 Ndinokukumbirisai zvikuru kuti kana
ndichinge ndasvika kwamuri ndirege kuzova nokushinga kwandinofanira
kuva nako kuna vanhu avo vanofunga kuti tinorarama namararamiro
enyika ino. 3 Nokuti kunyange dai tichigara zvedu munyika, hatirwi
hondo sezvinoita nyika ino. 4 Nhumbi dzatinorwa nadzo hadzizi
nhumbi dzenyika ino. Asi dzine simba raMwari rokuputsa nhare.
5 Tinoputsa kukakavara nokunyengera kwose kunozvikudza kuchipikisa
kuziva Mwari, uye tinotapa mifungo yose kuti iteerere Kristu. 6 Uye
tichange takagadzirira kuranga kuita kwose kwokusateerera, kana kuteer-
era kwenyu kuchinge kwazadziswa.

7 Imi muri kungoonera zvinhu pamusoro bedzi. Kana munhu achivimba
kuti iye ndowaKristu, ngaarangarirewo zvakare kuti isu tiri vaKristu
sezvaakaitawo iye. 8 Nokuti kunyange dai ndichizvirumbidza pachena
pamusoro pesimba ratakapiwa naIshe rokukuvakai kwete rokukuputsirai
pasi, handinganyadziswi nazvo. 9 Handidi kuedza kuita sendinokutyisidzi-
rai netsamba dzangu. 10 Nokuti vamwe vanoti, “Tsamba dzake dzina
mashoko makukutu uye dzine chisimba, asi iye pachake haatyisi uye
kutaura kwake hakuna maturo.” 11 Vanhu vakadai vanofanira kuziva kuti
zvatiri mumatsamba edu kana tisipo, ndizvo zvatichava pakuita kwedu
kana tavapo.

12 Hatidi kuedza kuzvienzanisa kana kuzvifananidza navamwe
vanozvirumbidza. Pavanozviera vachizvienzanisa naivo pachavo,
havana kuchenjera. 13 Zvisinei, isu hatingazvirumbidzi kupfuura mwero
wakafanira, asi tinogumisa mwero wokuzvirumbidza kwedu pabasa
ratakapiwa naMwari, basa rinosvika kunyange kwamuri. 14 Hatizi
kupfurikidza mwero pakuzvirumbidza kwedu, sezvazvaizova kana dai
takanga tisina kuuya kwamuri, nokuti takasvika kwamuri nevhangeri
raKristu. 15 Uyezve hatipfuuri miganhu yedu nokuzvirumbidza pamusoro
pebasa rakaitwa navamwe. Tariro yedu ndeyokuti, pamunoramba
muchikura pakutenda kwenyu, mashandiro edu pakati penyu achakurawo
kwazvo, 16 kuitira kuti tigoparidza vhangeri kumatunhu ari mberi
kwenyu. Nokuti hatidi kuzvirumbidza nebasa rakaitwa kare munzvimbo
dzavamwe vanhu. 17 Asi, “Anozvirumbidza ngaazvirumbidze muna
She.” 18 Nokuti haasi uyo anozvirumbidza achanzi akatendeka, asi uyo
anorumbidzwa naShe.

# 11

*Pauro naVapostori Venhema*

1 Ndinovimba kuti muchava nomwoyo murefu zvishoma nokuda
kwoupenzi hwangu; asi mava kutozviita kare. 2 Ndine godo pamu-
soro penyu negodo raMwari. Ndakakuitai vakavimbika kumurume
mumwe chete, kuna Kristu, kuitira kuti ndigozogona kukusvitsai kwaari
semhandara yakachena. 3 Asi ndinotya kuti sokunyengerwa kwakaitwa

Evha nenyoka nemano ayo, ndangariro dzenyu dzingangotsauswa kubva
pakururama nokuchena kwomwoyo, pakuzvipira kuna Kristu. 4 Nokuti
kana mumwe akauya kwamuri achiparidza mumwe Jesu kunze kwaJesu
watakaparidza, kana kuti mukagamuchira mumwe mweya wakasiyana
nouyo wamakagamuchira, kana rimwe vhangeri rakasiyana neramakaga-
muchira, munogona kuzvigamuchira zviri nyore kwazvo. 5 Asi handifungi
kuti ndiri muduku napaduku pose ku“vapostori vanopfuura vamwe
vose.” 6 Ndingava zvangu ndisinganatsi pakutaura, asi ndine ruzivo.
Takanyatsojekesa izvi kwamuri nenzira dzose.

7 Ndakatadza here zvandakazvininipisa kuitira kuti imi mugokudzwa
nokuparidzwa kwevhangeri raMwari kwamuri pachena pasina mutengo?
8 Ndakatorera dzimwe kereke pandakagamuchira rubatsiro kubva
kwavari kuitira kuti ndigone kukushumirai. 9 Uye pandakanga ndiri
pakati penyu ndichishayiwa chimwe chinhu, handina kuva mutoro
kuna ani zvake, nokuti hama dzakabva kuMasedhonia dzakandipa
zvandaishayiwa. Handina kuda kuva mutoro nenzira ipi zvayo pakati
penyu, uye ndicharamba ndichidaro. 10 Zvirokwazvo sezvo chokwadi
chaKristu chiri mandiri, hakuna munhu mudunhu reAkaya achan-
didzivisa pakuzvirumbidza uku. 11 Seiko? Nokuti handikudei here? Mwari
anoziva kuti ndinokudai! 12 Uye ndicharamba ndichiita zvandiri kuita kuti
ndishayise nzira kuna avo vanotsvaka mukana wokuti vaenzaniswe nesu
pazvinhu zvavanozvirumbidza nazvo. 13 Nokuti vanhu vakadai ndivo
vapostori venhema, varume vanonyengera, vanozvishandura vachizvi-
ita vapostori vaKristu. 14 Uye naizvozvo hazvishamisi, nokuti Satani
pachake anozvishandura achizviita mutumwa wechiedza. 15 Naizvozvowo
hazvishamisi, kana varanda vake vachizvishandura vachizviita varanda
vokururama. Magumo avo achava sezvakafanira maitiro avo.

### *Pauro anozvirumbidza pamusoro pamatambudziko ake*

16 Ndinopamhidza kuti: Ngakurege kuva nomunhu anonditi ndiri
benzi. Asi kana muchidaro, naizvozvo ndigamuchirei sebenzi, kuitira
kuti ndigozvirumbidzawo zvishoma. 17 Mukuzvirumbidza pachangu,
handisi kutaura sezvinobva kuna She, asi sebenzi. 18 Sezvo vazhinji
vachizvirumbidza nenzira inoitwa nenyika, neniwo ndichazvirumbidza.
19 Nokuti makava nomwoyo murefu nomufaro kumapenzi sezvo
makachenjera! 20 Nokuti munoitira mwoyo murefu kunyange munhu
wose anokuitai varanda kana anokubirai kana anokutapai kana
anokuzvidzai kana anokurovai kumeso. 21 Ndichizvishora ndinobvuma
kuti takanga tisina simba rokuti tiite izvozvo.

Zvinotsunga vamwe vose kuti vazvirumbidze pamusoro pazvo, ndino-
taura sebenzi, ini ndinotsungawo kuzvirumbidza pamusoro pazvo. 22 Ivo
vaHebheru here? Neniwo ndiri. Ivo vaIsraeri here? Neniwo ndiri. Ivo
zvizvarwa zvaAbhurahama here? Neniwo ndiri. 23 Ivo varanda vaKristu
here? Ndava kupenga, kana ndichitaura zvakadai. Ini ndiri muranda
wake zvikuru. Ndakashanda zvokuvapfuura, ndakaiswa mutorongo
kakawanda kuvapfuura, ndakarohwa zvikuru kwazvo, uye ndakatarisana
norufu kazhinji. 24 Kanosvika kashanu ndakarohwa navaJudha shamhu
makumi matatu nepfumbamwe. 25 Katatu ndakarohwa netsvimbo,
kamwe chete ndakatakwa namabwe, katatu ndakaita tsaona nechikepe,
ndakapedza usiku humwe namasikati ndiri pagungwa, 26 ndakanga
ndiri parwendo nguva zhinji. Ndakava panjodzi dzenzizi, panjodzi
dzamakororo, panjodzi dzevorudzi rwokwangu, panjodzi dzavaHedheni,

panjodzi muguta, napanjodzi murenje, panjodzi mugungwa, napanjodzi
pakati pehama dzenhema. 27 Ndakabata basa nokutambura uye nguva
zhinji ndichishayiwa hope; ndinoziva nzara nenyota uye kushayiwa
zvokudya nguva zhinji; chando nokushayiwa chokupfeka. 28 Kunze
kwaizvozvi zvose, ndinoremedzwa zuva rimwe nerimwe nokurangarira
kereke dzose. 29 Ndianiko anoshayiwa simba uye ndikasanzwa kushayiwa
simba? Ndianiko anotungamirirwa muchivi uye ndikasarwadziwa mukati
mangu?
30 Kana ndichifanira kuzvirumbidza, ndichazvirumbidza pamusoro
pezvinhu zvinoratidza utera hwangu. 31 Mwari naBaba vaIshe Jesu, uyo
anofanira kurumbidzwa nokusingaperi, anoziva kuti handirevi nhema.
32 MuDhamasiko mubati pasi pamambo Aretasi akaita kuti guta ravaD-
hamasiko ririndwe achida kuti andisunge. 33 Asi ndakaburutswa ndiri
mudengu napawindo parusvingo uye ndikapunyuka pamaoko ake.

# 12

*Chiratidzo chaPauro noMunzwa muMuviri Wake*

1 Ndinofanira kuramba ndichizvirumbidza. Kunyange zvisina zvazvi-
nobatsira, ndichapfuurira mberi ndigotaura pamusoro pezviratidzo nez-
vakazarurwa zvaShe. 2 Ndinoziva mumwe munhu ari muna Kristu,
uyo makore gumi namana akapfuura akakwidzwa kudenga rechitatu.
Kana zvakaitwa mumuviri kana kunze kwomuviri handizivi, Mwari
ndiye anoziva. 3 Uye ndinoziva kuti munhu uyu, kana akanga ari
mumuviri kana kuti akanga asiri mumuviri handizivi, asi Mwari
ndiye anoziva, 4 akakwidzwa kuparadhiso. Akanzwa zvinhu, zvinhu
zvisingatsananguriki namashoko, zvinhu zvisingabvumirwi kuti munhu
ataure. 5 Ndichazvirumbidza pamusoro pomunhu akadai, asi hand-
ingazvirumbidzi pachangu, kunze kwoutera hwangu. 6 Kunyange dai
ndikasarudza kuzvirumbidza, handingavi benzi nokuti ndinenge ndichi-
taura chokwadi. Asi ndinorega zvangu, kuitira kuti pashayikwe munhu
angafunga kuti ndiri mukuru kupfuura zvandinoita kana zvandinotaura.
7 Kuti ndirege kunyanya kuzvikudza nokuda kwoukuru kwazvo hwez-
vandakazarurirwa, ndakapiwa munzwa munyama yangu, mutumwa
waSatani, kuti unditambudze. 8 Katatu ndakakumbira kuna Ishe kuti aub-
vise pandiri. 9 Asi iye akati kwandiri, "Nyasha dzangu dzakakukwanira,
nokuti simba rangu rinozadziswa muutera." Naizvozvo ndichanyanya
kuzvirumbidza pamusoro poutera hwangu, kuitira kuti simba raKristu
rigova pamusoro pangu. 10 Ndokusaka, nokuda kwaKristu ndichifara
muutera, mukutukwa, mumatambudziko, munhamo, nomukuomerwa.
Nokuti kana ndine utera, ipapo ndipo pandine simba.

*Shungu dzaPauro pamusoro pavaKorinde*

11 Ndakazviita benzi, asi imi ndimi makandisundira ikoko. Ndaifanira
kunge ndichirumbidzwa nemi, nokuti handisi muduku duku pakati
pa"vapostori vanopfuura vamwe vose," kunyange zvangu ndisiri chinhu.
12 Zvinhu zvinoratidza upostori, zviratidzo, zvishamiso namabasa esimba,
zvakaitwa pakati penyu nokutsungirira kukuru. 13 Ko, imi makanga muri
vaduku sei kune dzimwe kereke, kunze kwokuti ndakanga ndisiri mutoro
pakati penyu? Ndiregererei pakutadza uku!
14 Zvino ndagadzirira kukushanyirai kechitatu, uye handichazovi mu-
toro kwamuri, nokuti zvandinoda kwamuri haisi pfuma yenyu asi

imi. Pamusoro pezvo vana havafaniri kuchengetera vabereki, asi
vabereki ndivo vanofanira kuchengetera vana. [15] Saka naizvozvo
ndichafara zvikuru kuti ndipedze zvose zvandinazvo nokuzvipedzawo ini
pachangu nokuda kwenyu. Kana ndichikudai zvakanyanya, mungandida
zvishoma here? [16] Ngazvive saizvozvo, nokuti ndakanga ndisiri mutoro
pakati penyu. Asi zvandakanga ndine njere, ndakakubatai namano!
[17] Ndakakutorerai chinhu here kubudikidza navarume vandakatuma
kwamuri? [18] Ndakurudzira Tito kuti auye kwamuri uye ndatumira hama
yedu pamwe chete naye. Tito haana kukutorerai chinhu, akakutorerai
here? Hatina kufamba nomweya mumwe chete here uye tikatevera nzira
imwe chete?

[19] Makanga muchizvifunga here nguva yose iyi kuti takanga tichizvi-
davirira? Takanga tichitaura pamberi paMwari savaya vari muna Kristu;
uye zvose zvatinoita, vadikani, tinozviita kuti musimbiswe. [20] Nokuti
ndinotya kuti pandichauya kwamuri handingakuwanei muri zvandinoda
kuti muve, uye mungandiwana ndisiri zvamunonditarisira kuti ndive.
Ndinotya kuti kana ndauya kwamuri zvimwe ndingawana pakati penyu
paine gakava, godo, kutsamwa kukuru, kupesana, kucherana, makuhwa,
manyawi nenyonganiso. [21] Ndinotya kuti kana ndauya kwamuri zvakare,
Mwari wangu achandininipisa pamberi penyu, uye ndicharwadziwa
nokuda kwavazhinji vakaita zvivi kare uye vasina kutendeuka kubva
pakusachena kwavo, chivi choupombwe noutera hwavakaita.

# 13

*Yambiro Yokupedzisira*

[1] Uku ndiko kuchava kushanya kwangu kwechitatu kwamuri. Nyaya
yose inofanira kusimbiswa nezvapupu zviviri kana zvitatu. [2] Ndakakupai
yambiro kare pandakanga ndinemi kechipiri. Zvino ndava kuzvipam-
hazve ndisipo: Pakuuya kwangu handizoregi vaya vakatadza pakutanga
kana vamwe vose, [3] sezvo muchitsvaka chiratidzo chokuti Kristu ndiye
anotaura kubudikidza neni. Haana utera pakubata kwake pakati penyu,
asi ane simba kwazvo pakati penyu. [4] Nokuti kuti muve nechokwadi,
akarovererwa pamuchinjikwa muutera, asi anorarama nesimba raMwari.
Zvimwe chetezvo nesuwo tinorarama muutera maari, asi nesimba
raMwari tiri vapenyu pamwe chete naye kuti tikushumirei.

[5] Zviedzei imi pachenyu muone kana muri pakutenda; zviedzei
pachenyu. Munoziva here kuti Jesu ari mukati menyu, kunze kwoku-
toti makakundikana? [6] Uye ndinovimba kuti muchaona kuti hatina
kukundikana. [7] Zvino tinonyengetera kuna Mwari kuti murege kuita
chinhu chimwe chakaipa. Kwete kuti vanhu vaone kuti isu takakunda, asi
kuti imi muite zvakarurama kunyange zvedu isu tichiita setakakundikana.
[8] Nokuti hatigoni kuita chinhu chinopikisana nechokwadi, asi chinobatsira
chokwadi chete. [9] Nokuti tinofara kana isu tichishayiwa simba asi imi
muine simba; uye munyengetero wedu ndewokuti imi mukwaniswe.
[10] Ndokusaka ndichinyora zvinhu izvi ndisipo, kuti kana ndauya ndirege
kuzoita nehasha pakushandisa simba rangu, simba randakapiwa naIshe
kuti ndikuvakei naro, kwete kukuparadzai.

*Mashoko Okupedzisira*

11 Pakupedzisira, hama, chisarai. Shingairai kuti mukwaniswe, teererai
kuchikumbiro changu, ivai nomufungo mumwe, garai murugare. Uye
Mwari worudo norugare achava nemi.

12 Kwazisanai nokutsvodana kutsvene.
13 Vatsvene vose vanokukwazisai.

14 Nyasha dzaIshe Jesu Kristu, norudo rwaMwari, nokuwadzana kwoMweya Mutsvene ngazvive nemi mose.

# VAGARATIA

[1] Pauro mupostori, asina kutumwa zvichibva kuvanhu kana kumunhu,
asi naJesu Kristu naMwari Baba, iye akamumutsa kubva kuvakafa,
[2] nehama dzose dzineni, kukereke dziri muGaratia:

[3] Nyasha norugare ngazvive nemi zvichibva kuna Mwari Baba vedu
nokuna Ishe Jesu Kristu, [4] akazvipa nokuda kwezvivi zvedu kuti atisu-
nungure kubva munyika yakaipa yazvino, maererano nokuda kwaMwari
Baba vedu, [5] ngaave nokubwinya nokusingaperi. Ameni.

*Hakuna rimwe Vhangeri*

[6] Ndinoshamiswa kuti munokurumidza kusiya uyo akakudanai
nenyasha dzaKristu muchitsaukira kune rimwe vhangeri, [7] risati riri
vhangeri chairo kana napaduku. Zviri pachena kuti vamwe vanhu
vanoda kukukanganisai vachiedza kushandura vhangeri raKristu. [8] Asi
kunyange isu kana mutumwa anobva kudenga akaparidza vhangeri risati
riri ratakakuparidzirai, ngaatukwe nokusingaperi! [9] Sezvatakamboreva,
tinodarozve zvino tichiti: Kana kuno munhu upi zvake ari kuparidza kwa-
muri vhangeri kunze kweramakagamuchira, ngaave akatukwa nokusin-
gaperi!
[10] Ko, ndiri kuedza kuzviratidza kuvanhu here kana kuti kuna Mwari?
Kana kuti ndiri kuedza kufadza vanhu here? Dai ndakanga ndichiri
kuedza kufadza vanhu, ndingadai ndisiri muranda waKristu.

*Pauro akadanwa naMwari*

[11] Ndinoda kuti muzive, hama, kuti vhangeri randakaparidza harisi
chimwe chinhu chakangomuka mumunhu. [12] Handina kurigamuchira
kubva kumunhu upi zvake uye handina kuridzidziswa, asi ndakariga-
muchira nokuzarurirwa kunobva kuna Jesu Kristu.
[13] Nokuti makanzwa zvamararamiro angu akare muchiJudha, kuti
ndakatambudza zvikuru sei kereke yaMwari uye ndikaedza kuiparadza.
[14] Ndakanga ndichishingaira kwazvo muchiJudha ndichipfuura vaJudha
vazhinji vezera rangu uye ndakanga ndichishingairira tsika dzamadzibaba
angu. [15] Asi Mwari akanditsaura kubva pakuzvarwa kwangu uye akandi-
dana nenyasha dzake, paakafadzwa nazvo [16] kuti aratidze Mwanakomana
wake mandiri kuti ndimuparidze pakati pavaHedheni, handina kutongob-
vunza munhu, [17] uye handina kuenda kuJerusarema kuti ndinoona vaya
vakanga vari vapostori vakanditangira, asi nokukurumidza ndakaenda
kuArabhia ndikazodzokazve kuDhamasiko pashure.
[18] Ipapo shure kwamakore matatu, ndakakwira kuJerusarema kuti
ndinozivana naPetro uye ndikandogara naye kwamazuva gumi na-
mashanu. [19] Handina kuona vamwe vavapostori, kunze kwaJakobho
munun'una waShe. [20] Ndinotaura chokwadi pamberi paMwari kuti
zvandinokunyorerai izvi hadzisi nhema. [21] Pashure ndakaenda kuSiria
nokuSirisia. [22] Ndakanga ndisingazivikanwi pachiso kukereke dzeJudhea
dziri muna Kristu. [23] Vakangonzwa zvakaziviswa bedzi zvokuti, "Munhu
uya aititambudza kare ava kuparidza zvino kutenda kuya kwaakanga
achiedza kuparadza." [24] Uye vakarumbidza Mwari nokuda kwangu.

# 2

*Pauro anogamuchirwa naVapostori*

1 Mushure mamakore gumi namana ndakakwirazve kuJerusarema, pan-
guva iyi ndakanga ndina Bhanabhasi. Ndakaendawo naTito. 2 Ndakaenda
nokuda kwokuzarurirwa uye ndikarondedzera pamberi pavo vhang-
eri randakaparidza pakati peveDzimwe Ndudzi. Asi ndakaita izvi
kuna avo vakanga vari vatungamiri vari voga, nokuti ndaitya kuti
ndakanga ndichimhanya kana kuti ndatomhanya nhangemutange yangu
pasina. 3 Asi kunyange naTito, akanga aneni, haana kumanikidzwa
kuti adzingiswe, kunyange zvazvo akanga ari muGiriki. 4 Nyaya iyi
yakamutswa nokuda kwedzimwe hama dzenhema dzakanga dzapinda
munzvimbo dzedu kuti vazosora rusununguko rwatinarwo muna Kristu
Jesu uye kuti vagotiita nhapwa. 5 Hatina kuvapa mukana napaduku,
kuitira kuti chokwadi chevhangeri chigare mamuri.

6 Kana vari vaya vanonzi vanoremekedzwa, hazvinei kuti vakanga
vakadii, kwandiri hazvina mutsauko; Mwari haatongi nezvinoonekwa
zvokunze, varume ivavo havana chavakawedzera pashoko rangu.
7 Zvisinei hazvo, vakaona kuti ndakapiwa basa rokuparidza vhangeri kune
veDzimwe Ndudzi, sezvakaitwawo Petro kuvaJudha. 8 Nokuti Mwari,
iye akanga achishanda muushumiri hwaPetro somupostori kuvaJudha,
akanga achishandawo muushumiri hwangu somupostori kune veDzimwe
Ndudzi. 9 Jakobho, Petro, naJohani, ivo vainzi mbiru, vakandim-
bunda ini naBhanabhasi noruoko rworudyi rwokuwadzana pavakaona
nyasha dzandakanga ndapiwa. Vakabvuma kuti tinofanira kuenda kune
veDzimwe Ndudzi, uye ivo vaende kuvaJudha. 10 Zvavakangokumbira
zvakanga zviri zvokuti isu tirambe tichirangarira varombo, chinova
ndicho chinhu chandaidisa kuita.

*Pauro anotsoropodza Petro*

11 Petro akati asvika kuAndioki, ndakamutsoropodza pachena, nokuti
akanga akanganisa zviri pachena. 12 Vamwe varume vakabva kuna
Jakobho vasati vasvika, akanga achimbodya neveDzimwe Ndudzi.
Asi pavakasvika, akatanga kusuduruka uye akazvitsaura kubva kune
veDzimwe Ndudzi nokuti akanga achitya vaya vakanga vari veboka
rokudzingiswa. 13 Vamwe vaJudha vakabatana naye pakunyengera kwake,
zvokuti nokunyengera kwavo, naBhanabhasi akanga atsauswawo.

14 Ndakati ndaona kuti vakanga vasingafambi muchokwadi chevhang-
eri, ndakati kuna Petro pamberi pavo vose, "Iwe uri muJudha, asi unoda
kurarama somuHedheni, kwete somuJudha. Seiko, zvino, uchimanikidza
veDzimwe Ndudzi kuti vatevere tsika dzechiJudha?

15 "Isu tiri vaJudha pakuzvarwa uye hatisi vatadzi ve'Dzimwe Ndudzi'
16 uye tinoziva kuti munhu haaruramisirwi nokuchengeta murayiro, asi
nokutenda muna Jesu Kristu. Saka nesuwo, takaisa kutenda kwedu
muna Kristu Jesu kuti tiruramisirwe nokutenda muna Kristu, uye
kwete nokuchengeta murayiro, nokuti hakuna munhu acharuramisirwa
nokuchengeta murayiro.

17 "Kana tichitsvaka kuti kururamisirwa muna Kristu, zvikazoonekwa
kuti isu pachedu tiri vatadzi, zvinoreva here kuti Kristu anosimudzira
chivi? Kwete napaduku! 18 Kana ndikavakazve chandakamboputsa,
ndinoratidza kuti ndiri mudariki womurayiro. 19 Nokuti kubudikidza
nomurayiro ndakafa kumurayiro kuitira kuti ndiraramire Mwari.

[20] Ndakarovererwa pamwe chete naKristu uye handichisiri ini ndino-
rarama, asi Kristu anorarama mandiri. Kurarama kwandinako munyama,
ndinorarama nokutenda muMwanakomana waMwari, akandida uye
akazvipa nokuda kwangu. [21] Handikonesi nyasha dzaMwari, nokuti kana
kururama kuchigona kuwanikwa nomurayiro, Kristu akafira pasina!”

# 3

### *Kutenda kana Kuchengeta Murayiro*

[1] Imi vaGaratia vokusafunga! Ndianiko akakuroyai? Jesu akaratidzwa
pachena akarovererwa pamuchinjikwa pamberi penyu chaipo. [2] Ndinoda
kuziva chinhu chimwe chete kubva kwamuri kuti: Makagamuchira
Mweya nokuda kwokuchengeta murayiro here, kana nokuda kwokutenda
zvamakanzwa? [3] Muri vokusafunga zvakadai seiko? Mushure mokunge
mambotanga muMweya, zvino moda kuedza kupedzisa chinangwa
chenyu nesimba ravanhu here? [4] Makatambudzika zvakadai pasina here,
kana zvechokwadi zvakanga zviri pasina? [5] Ko, Mwari anokupai Mweya
wake uye achiita zvishamiso pakati penyu nokuda kwokuti munochengeta
murayiro here, kana kuti nokuda kwokutenda zvamakanzwa?

[6] Fungai Abhurahama kuti, “Akatenda Mwari, uye zvikanzi kwaari
ndiko kururama.” [7] Nzwisisai zvino, kuti avo vanotenda ndivo vana
vaAbhurahama. [8] Rugwaro rwakaona zviri mberi kuti Mwari aizoru-
ramisa veDzimwe Ndudzi nokutenda, uye rukazivisa zvevhangeri kare
kuna Abhurahama kuti, “Ndudzi dzose dzicharopafadzwa kubudikidza
newe.” [9] Saka avo vanokutenda ndivo vakaropafadzwa pamwe chete
naAbhurahama, murume wokutenda.
[10] Vose vanovimba nokuchengeta murayiro vakatukwa, nokuti kwakany-
orwa kuchinzi: “Vakatukwa vose vasingarambiri pakuita zvinhu zvose
zvakanyorwa muBhuku roMurayiro.” [11] Zviri pachena kuti hapana
munhu anoruramisirwa nomurayiro pamberi paMwari, nokuti, “Vakaru-
rama vachararama nokutenda.” [12] Murayiro hauna kuvakwa pakutenda;
asi hazvo, “Munhu anoita zvinhu izvi achararama nazvo.” [13] Kristu
akatidzikinura kubva pakutukwa kwomurayiro paakava chakatukwa iye
nokuda kwedu, nokuti kwakanyorwa kuchinzi: “Vakatukwa vose vano-
turikwa pamuti.” [14] Akatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwa kwakapiwa
Abhurahama kugosvika kune veDzimwe Ndudzi kubudikidza naKristu
Jesu, kuitira kuti nokutenda tigogamuchira chipikirwa choMweya.

### *Murayiro neChipikirwa*

[15] Hama dzangu, regai ndipe muenzaniso woupenyu hwamazuva
ose. Sezvo pasina munhu angakonesa kana kuwedzera kusungano
yakaitwa navanhu kana yakatosimbiswa, zvakadarowo pane izvozvi.
[16] Zvipikirwa zvakataurwa kuna Abhurahama uye nokumwana wake.
Rugwaro harutauri ruchiti “uye kuvana,” zvichireva vanhu vazhinji,
asi “uye kumwana wako,” kureva munhu mumwe, anova ndiye Kristu.
[17] Zvandinoreva ndezvizvi: Murayiro, wakaziviswa mushure mamakore
mazana mana ana makumi matatu, haungakonesi sungano yakasimbiswa
kare naMwari uye nokudaro uchibvisa chipikirwa. [18] Nokuti kana nhaka
ichiwanikwa nokuda kwomurayiro, naizvozvo haichawanikwi nokuda
kwechipikirwa; asi Mwari nenyasha dzake akaipa kuna Abhurahama
kubudikidza nechipikirwa.

19 Zvino, chinangwa chomurayiro chakanga chiri cheiko? Wakawedz-
erwa nokuda kwokudarika kusvikira Mwana akanga achirehwa nechivim-
biso asvika. Murayiro wakashanda kubudikidza navatumwa uye no-
murevereri. 20 Kunyange zvakadaro hazvo, murevereri, haamiririri
munhu mumwe chete; asi Mwari ndomumwe.
21 Naizvozvo, murayiro unopikisana nechipikirwa chaMwari here?
Kwete napaduku! Nokuti kana murayiro wakapiwa wakanga uchigona
kupa upenyu, ipapo zvirokwazvo kururama kwaizouyawo nomurayiro.
22 Asi Rugwaro runotaura kuti nyika yose yakapfigirwa nechivi, kuitira
kuti chiya chakavimbiswa, chiri chakapiwa kubudikidza nokutenda kuna
Jesu Kristu, chipiwe kuna avo vanotenda.
23 Kutenda uku kusati kwasvika, takanga tiri vasungwa vomurayiro,
takapfigirwa kusvikira kutenda kuchizoratidzwa. 24 Saka murayiro
wakaiswa kuti utitungamirire kuna Kristu kuitira kuti tigoruramisirwa
nokutenda. 25 Zvino kutenda zvakwasvika, hatichisiri pasi pomurayiro.

### *Vanakomana vaMwari*

26 Imi mose muri vanakomana vaMwari kubudikidza nokutenda
muna Kristu Jesu, 27 nokuti imi mose makabhabhatidzwa muna Kristu
makapfeka Kristu. 28 Hakuchina muJudha kana muGiriki, mutapwa kana
akasununguka, murume kana mukadzi, nokuti imi mose muri vamwe
muna Kristu Jesu. 29 Kana muri vaKristu, ipapo muri vana vaAbhurahama,
uye vadyi venhaka maererano nechipikirwa.

## 4

1 Zvandinoreva ndezvokuti kana mudyi wenhaka achiri mwana, haana
kusiyana nenhapwa, kunyange hazvo ari muridzi wezvinhu zvose. 2 Ari
pasi pavatariri navachengeti kusvikira panguva yakatarwa nababa vake.
3 Saizvozvowo, patakanga tiri vana, takanga tiri muutapwa pasi pezvoku-
vamba zvenyika. 4 Asi nguva yakati yakwana, Mwari akatuma Mwanako-
mana wake, akaberekwa nomukadzi, akaberekwa pasi pomurayiro, 5 kuti
adzikinure avo vari pasi pomurayiro, kuti tigamuchire kodzero yakazara
yavanakomana. 6 Nokuda kwokuti muri vanakomana, Mwari akatuma
Mweya woMwanakomana wake mumwoyo yedu, Mweya anodana achiti,
"Abha, Baba." 7 Saka hamuchisiri nhapwa, asi vanakomana; uye sezvo
muri vanakomana, Mwari akakuitaiwo vadyi venhaka.

### *Shungu dzaPauro pamusoro pavaGaratia*

8 Kare, pamakanga musingazivi Mwari, makanga muri nhapwa kuna
avo vakanga vasiri vamwari chaivo. 9 Asi zvino zvamava kuziva
Mwari, kana kuti munozivikanwa naMwari, seiko mava kudzokera kune
zvokuvamba zvisina simba uye zvinonzwisa urombo? Munodazve kuitwa
nhapwa nazvo here? 10 Muri kucherechedza mazuva akasarudzika uye
mwedzi nemwaka namakore! 11 Ndinokutyirai kuti zvichida ndakatam-
bisa simba rangu pamusoro penyu.
12 Ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama, kuti muve seni, nokuti ini
ndakaita semi. Hamuna kunditadzira. 13 Sezvamunoziva imi, kuti nokuda
kwourwere ndakatanga kuparidza vhangeri kwamuri. 14 Kunyange
zvazvo kurwara kwangu kwaiva muedzo kwamuri, hamuna kundisema
kana kundimhura. Asi, makandigamuchira sokunge ndaiva mutumwa
waMwari, sokunge ndakanga ndiri Jesu Kristu chaiye. 15 Ko, chii
chakaitika kumufaro wenyu wose uya? Ndinogona kupupura kuti

dai zvaibvira, mungadai makatumbura meso enyu makaapa kwandiri.
16 Zvino ndava muvengi wenyu zvandakuudzai chokwadi here?
17 Vanhu ivavo vanoshingaira kuti vakubatei, asi pazvinhu zvisina
kunaka. Zvavanoda ndezvokukutsausai kubva kwatiri, kuitira kuti imi
mugovashingairira. 18 Zvakanaka kwazvo kushingaira, kana chinangwa
chacho chakanaka, uye kuti muite izvozvo nguva dzose kwete kana
ndinemi bedzi. 19 Vana vangu vanodikanwa, vandinotamburirazve
pakubereka kusvikira Kristu aumbwa mamuri, 20 ndaida sei kuti ndive
nemi zvino uye ndishandure matauriro angu, nokuti ndiri kukanganisika
nokuda kwenyu.

*Hagari naSara*

21 Ndiudzei, imi munoda kuva pasi pomurayiro, hamuzivi here zvi-
noreva murayiro? 22 Nokuti kwakanyorwa kuti Abhurahama akanga
ana vanakomana vaviri, mumwe nomukadzi woutapwa uye mumwe
nomukadzi akasununguka. 23 Mwanakomana wake womukadzi mutapwa
akaberekwa nenzira yenyama; asi mwanakomana wake womukadzi
akasununguka akaberekwa nokuda kwechipikirwa.
24 Zvinhu izvi zvinofananidzira, nokuti vakadzi ava vanomirira sungano
mbiri. Imwe sungano inobva paGomo reSinai uye inobereka vana
vanofanira kuva nhapwa: Ndiye Hagari. 25 Zvino Hagari anomirira
Gomo reSinai muArabhia uye rakaenzana neguta reJerusarema razvino,
nokuti riri pautapwa navana varo. 26 Asi Jerusarema riri kumusoro
rakasununguka, uye ndivo mai vedu.
27 Nokuti kwakanyorwa kuchinzi:

“Fara iwe mukadzi asingabereki,
 asingabereki vana;
pembera udanidzire,
 iwe usingarwadziwi nokubereka;
nokuti vana vomukadzi akasiyiwa vazhinji
 kupfuura vouyo ano murume.”

28 Zvino imi hama, muri vana vechipikirwa saIsaka. 29 Panguva iyoyo
mwanakomana akazvarwa nenzira yenyama akatambudza mwanako-
mana akaberekwa nesimba roMweya. Zvakadaro nanhasi. 30 Asi
Rugwaro runoti kudiniko? “Dzinga murandakadzi nomwanakomana
wake, nokuti mwanakomana womurandakadzi haangatongogovani nhaka
nomwanakomana womukadzi akasununguka.” 31 Naizvozvo, hama, isu
hatizi vana vomurandakadzi, asi vomukadzi akasununguka.

# 5

*Kusununguka muna Kristu*

1 Kristu akatisunungura kuti tive vakasununguka. Zvino, mirai nesimba,
murege kuzviremedza zvakare nejoko routapwa.
2 Batai mashoko angu! Ini, Pauro, ndinokuudzai kuti kana
muchidzingiswa, Kristu haachakosheswi kwamuri napaduku. 3 Uyezve,
ndinotaura kumunhu wose anoda kudzingiswa kuti anofanira kuteer-
era murayiro wose. 4 Imi munoedza kururamisirwa nomurayiro
makaparadzaniswa naKristu; makabva panyasha. 5 Asi nokutenda
tinoshinga kwazvo kumirira kururama, kunova ndiko kwatine tariro nako
kubudikidza noMweya. 6 Nokuti muna Kristu Jesu kudzingiswa kana

kusadzingiswa hazvina maturo. Chinhu chinokosha chete ndiko kutenda
kunozviratidza kubudikidza norudo.
[7] Makanga muchimhanya nhangemutange yakanaka. Ndianiko
akakudzivisai uye akakukonesai kuteerera chokwadi? [8] Kugombedzera
ikoko hakuna kubva kuna iye anokudanai. [9] Mbiriso shoma in-
ovirisa chikanyiwa chose chakakanyiwa. [10] Ndinovimba muna She
kuti hamuchazogamuchiri dzimwe pfungwa. Iyeye anokunyongani-
sai achazviripira mhaka yake, angava ani zvake. [11] Hama dzangu,
kana ndichiri kuparidza nezvokudzingiswa, ko, ndichiri kutambudzirwei
hangu? Naizvozvo kugumbusa kwomuchinjikwa kwabviswa. [12] Kana vari
vaya vanokukuchidzirai, ndaida hangu kuti vazvigure zvinhu zvavo.
[13] Imi, hama dzangu, makadanwa kuti muve vakasununguka. Asi regai
kushandisa rusununguko rwenyu munyama; asi shandiranai murudo.
[14] Murayiro wose unobatanidzwa mumurayiro mumwe chete unoti: "Ude
wokwako sezvaunozvida iwe." [15] Kana muchiramba muchirumana uye
nokudyana, chenjererai kuti muregе kuparadzana mumwe nomumwe
wenyu.

*Upenyu noMweya*

[16] Saka ndinoti, raramai noMweya, uye hamungazofadzi nyama
nokuchiva kwayo. [17] Nokuti nyama inoshuva zvinopesana noMweya,
uye Mweya anopesanawo nezvinoshuviwa nenyama. Izvi zvinorwisana
pachazvo, kuti murege kuita zvamunoda. [18] Asi kana muchitungamirirwa
noMweya, hamusi pasi pomurayiro.
[19] Mabasa enyama ndiwo aya: upombwe, tsvina, utere; [20] kunamata
zvifananidzo, uroyi, ruvengo, gakava, godo, kutsamwa, kuzvikudza,
kuparadzana, dzidziso dzakatsauka [21] nokugodorana; kudhakwa, kutamba
kwakaipa, nezvimwe zvakadaro. Ndinokuyambirai, sezvandakamboita
kare kuti avo vana mararamiro iwaya havangagari nhaka youmambo
hwaMwari.
[22] Asi chibereko choMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, mwoyo
murefu, unyoro, kunaka, kutendeka, [23] kupfava uye kuzvidzora. Hakuna
murayiro unopesana nezvizvi. [24] Avo vari vaKristu Jesu vakaroverera
pamuchinjikwa nyama nokuchiva kwayo uye nezvainoshuva. [25] Sezvo
tichirarama noMweya, ngatifambei noMweya. [26] Ngatiregei kuzvikudza,
tichitsamwisana kana kuchiva zvevamwe.

# 6

*Kuita zvakanaka kuna vose*

[1] Hama dzangu, kana mumwe akabatwa ari muchivi, imi vari mumweya
munofanira kumudzora nounyoro. Asi muzvingwarire pachenyu, kuti
murege kuedzwawo. [2] Takuriranai mitoro yenyu, uye nokudaro muc-
hazadzisa murayiro waKristu. [3] Kana munhu achifunga kuti iye chinhu
iye asiri chinhu, anozvinyengera. [4] Mumwe nomumwe anofanira kuedza
mabasa ake. Ipapo angazvikudza hake, asingazvienzanise nomumwe
munhuwo, [5] nokuti mumwe nomumwe anofanira kutakura mutoro wake.
[6] Ani naani anogamuchira dzidziso mushoko anofanira kugovana
nounomudzidzisa pazvinhu zvose zvakanaka.
[7] Musanyengerwa: Mwari haasekwi. Munhu anokohwa zvaanodyara.
[8] Anodyarira nyama yake, achakohwa kuparadzwa kunobva panyama
iyoyo; uyo anodyarira mweya, achakohwa upenyu husingaperi hunobva

paMweya iwoyo. 9 Ngatiregei kuneta pakuita zvakanaka, nokuti nenguva
yakafanira tichakohwa kana tisingaori mwoyo. 10 Naizvozvo, zvatine
mukana, ngatiitei zvakanaka kuvanhu vose, zvikuru kuna avo vari
mumhuri yavatendi.

### *Kwete Kudzingiswa, asi Chisikwa Chitsva*

11 Tarirai kukura kwamavara andinoshandisa sezvo ndichikunyorerai
imi noruoko rwangu!

12 Avo vanoda kuzviratidza kuti vakanaka nechokunze vanoedza kuku-
manikidzai kuti mudzingiswe. Vanongoita izvi kuti varege kutambudzwa
nokuda kwomuchinjikwa waKristu. 13 Kunyange naivo vakadzingiswa ha-
vateereri murayiro, asi vanoda kuti imi mudzingiswe, kuti vagozvikudza
pamusoro penyama yenyu. 14 Ini ngandirege kutongozvikudza kunze
kwomumuchinjikwa waIshe wedu Jesu Kristu, uyo kubudikidza nawo
nyika yakarovererwa kwandiri, uye ini kunyika. 15 Kudzingiswa kana
kusadzingiswa hazvirevi chinhu; chinokosha ndiko kuva chisikwa chitsva.
16 Rugare nengoni kuna avo vanotevera murayiro uyu, kunyange kuIsraeri
yaMwari.

17 Pakupedzisira, ngakurege kuva nomunhu anonditambudza, nokuti
ndakatakura mumuviri wangu mavanga aJesu.

18 Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu ngadzive nomweya wenyu, hama
dzangu. Ameni.

# VAEFESO

1 Pauro, mupostori waKristu Jesu nokuda kwaMwari, kuvatsvene vari
muEfeso, vakatendeka muna Kristu Jesu:

2 Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu nokuna Ishe Jesu
Kristu ngazvive kwamuri.

### *Maropafadzo oMweya muna Kristu*

3 Ngaarumbidzwe Mwari Baba vaIshe wedu Jesu Kristu, iye
akatiropafadza muchadenga nokuropafadza kwose kwomweya muna
Kristu Jesu. 4 Nokuti akatisarudza maari nyika isati yasikwa kuti tive
vatsvene vasina chavanopomerwa pamberi pake. Murudo 5 akatirongera
kare kuti tigoitwa vana vake kubudikidza naJesu Kristu, maererano
nomufaro wake uye nokuda kwake, 6 kuti kunakisisa kwenyasha dzake
dzaakangotipa hake muna Iye waanoda kurumbidzwe. 7 Iye watine
dzikunuro maari kubudikidza neropa rake, iko kuregererwa kwezvivi,
zviri maererano nokupfuma kwenyasha dzaMwari 8 dzaakawanza
pamusoro pedu nouchenjeri hwose uye nokunzwisisa kwose. 9 Uye
akazivisa kwatiri chakavanzika chokuda kwake, maererano nomufaro
wake wakanaka, waakafunga muna Kristu, kuti chiitwe pakukwana
kwenguva, 10 auyise pamwe chete zvinhu zvose zviri kudenga nezviri
panyika pasi pomusoro mumwe, anova Kristu.
11 Iye watakasarudzwawo maari, tarongerwa kare nhaka maererano
nokuronga kwaiye anoita zvose mukusimbisa vavariro yokuda kwake,
12 kuitira kuti isu, vakatanga kuva netariro muna Kristu, tive rumbidzo
yokubwinya kwake. 13 Nemi makaiswawo muna Kristu pamakanzwa
shoko rechokwadi, iro vhangeri rokuponeswa kwenyu. Makati ma-
tenda, makaiswa rupau maari nechisimbiso, icho chivimbiso choMweya
Mutsvene, 14 anova ndiye rubatso runotitsidzira nhaka yedu kusvikira
rudzikinuro rwaavo vari vaMwari chaivo rwaratidzwa, kuti kubwinya
kwake kurumbidzwe.

### *Kuvonga noKunyengetera*

15 Nokuda kwaizvozvi, pandakanzwa nezvokutenda kwenyu muna
Ishe Jesu uye rudo rwenyu kuvatsvene vose, 16 handina kurega ku-
vonga nokuda kwenyu, ndichikurangarirai muminyengetero yangu.
17 Ndinoramba ndichikumbira kuti Mwari waIshe wedu Jesu Kristu, Baba
vokubwinya, akupei mweya wouchenjeri nokuzarurirwa, kuitira kuti
mumuzive zviri nani. 18 Ndinonyengeterawo kuti meso emwoyo wenyu
avhenekerwe kuitira kuti mugoziva pfuma yenhaka yake yokubwinya
muvatsvene, 19 uye nesimba rake guru risingagoni kuenzaniswa kwatiri
isu vanotenda. Iroro simba rakaita sokubata kwesimba rake guru,
20 raakaita muna Kristu paakamumutsa kubva kuvakafa akamugarisa
kuruoko rwake rworudyi mudenga, 21 pamusoro poutongi hwose noukuru,
nesimba noushe, uye namazita ose angagona kurehwa, kwete panyika
yazvino chete asiwo pane ichauya. 22 Uye Mwari akaisa zvinhu zvose
pasi petsoka dzake akamugadza kuti ave musoro wezvinhu zvose nokuda

kwekereke, [23] iwo muviri wake, kuzara kwaiye anozadza zvinhu zvose
munzira dzose.

## 2

*Takaitwa vapenyu muna Kristu*

[1] Kana muri imi, makanga makafa mukudarika kwenyu nomuzvivi,
[2] izvo zvamaigara mazviri pamaitevera nzira dzenyika ino uye ned-
zomutongi woushe hwomuchadenga, iwo mweya unoshanda zvino muna
avo vasingateereri. [3] Isu tose taigara pakati pavo pane imwe nguva,
tichikudza kuchiva kwenyama yedu yezvivi uye tichitevera zvido zvedu
nezvataifunga. Sezvakangoita vamwe vose, pakuzvarwa kwedu takanga
tiri vana vokutsamwirwa. [4] Asi nokuda kworudo rwake rukuru kwatiri,
Mwari, iye akapfuma pangoni, [5] akatiita vapenyu muna Kristu kunyange
zvedu takanga takafa mukudarika kwedu, makaponeswa nenyasha. [6] Uye
Mwari akatimutsa pamwe chete naKristu akatigarisa kudenga muna
Kristu Jesu, [7] kuitira kuti munguva dzinouya aratidze pfuma yake huru
yenyasha dzake, zvichiratidzwa muunyoro hwake kwatiri muna Kristu
Jesu. [8] Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi
hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, [9] kwete namabasa, kuti parege kuva
nomunhu anozvikudza. [10] Nokuti tiri basa raMwari, rakasikwa muna
Kristu Jesu kuti tiite mabasa akanaka, akagadzirwa naMwari kare kuti
tiaite.

*Tiri vamwe chete muna Kristu*

[11] Naizvozvo, rangarirai kuti kare imi veDzimwe Ndudzi pakuzvarwa
uye muchinzi “vasina kudzingiswa” naavo vaizviti “vakadzingiswa” (uko
kunoitwa pamuviri namaoko avanhu), [12] rangarirai kuti panguva iyoyo
makanga makaparadzaniswa naKristu, musingaverengwi muzvizvarwa
zveIsraeri uye muri vatorwa musungano dzechipikirwa, musina tariro uye
musina Mwari munyika. [13] Asi zvino muna Kristu Jesu, imi makanga muri
kure kare, makaswededzwa pedyo kubudikidza neropa raKristu.

[14] Nokuti iye pachake ndiye rugare rwedu, akaita kuti vaviri vave
chinhu chimwe uye akaparadza mukaha, irwo rusvingo rwokuvengana
rwaivaparadzanisa, [15] nokuparadza munyama yake murayiro, mitemo
yacho pamwe chete uye nezvakatemwa. Vavariro yake yakanga iri
yokusika maari munhu mumwe chete mutsva kubva pavaviri, naizvozvo
aite rugare, [16] uye mumuviri mumwe chete uyu ayananise vaviri ava kuna
Mwari kubudikidza nomuchinjikwa, wakaparadza kuvengana kwavo.
[17] Akauya akaparidza rugare kwamuri imi makanga muri kure uye rugare
kuna avo vakanga vari pedyo. [18] Nokuti kubudikidza naye isu tose
tinosvika kuna Baba noMweya mumwe chete.

[19] Saka, hamuchisiri vatorwa kana vaeni, asi vagari pamwe chete
navanhu vaMwari uye mava veimba yaMwari, [20] makavakwa panheyo
dzavapostori navaprofita, naKristu Jesu pachake iye dombo rapakona.
[21] Maari imba yose yakabatanidzwa pamwe chete uye inokura kuti ive
temberi tsvene muna She. [22] Uye maari nemiwo makavakwa pamwe chete
kuti muve ugaro hwaMwari muMweya.

## 3

*Pauro Muparidzi kune veDzimwe Ndudzi*

1 Nokuda kwaizvozvi, ini Pauro, musungwa waKristu Jesu nokuda
kwenyu imi veDzimwe Ndudzi:

2 Zvirokwazvo makanzwa zvokugoverwa kwenyasha dzaMwari
dzakapiwa kwandiri nokuda kwenyu, 3 kuti chakavanzika
chakaziviswa kwandiri nokuzarurirwa, sezvandakatonyora muchidimbu.
4 Mukuverenga izvi, ipapo muchagona kunzwisisa maonero andinoita
chakavanzika chaKristu, 5 chisina kuziviswa kuvanhu kana mamwe
marudzi sezvachakaratidzwa zvino noMweya kuvapostori navaprofita
vatsvene vaMwari. 6 Chakavanzika ichi ndechokuti, kubudikidza
nevhangeri, veDzimwe Ndudzi vava vadyi venhaka pamwe chete
navaIsraeri uye vava nhengo pamwe chete dzomuviri mumwe chete,
vagovani pamwe chete muchivimbiso chiri muna Kristu Jesu.

7 Ndakava muranda wevhangeri iri nechipo chenyasha dzaMwari dza-
kapiwa kwandiri kubudikidza nokushanda kwesimba rake. 8 Kunyange
ndiri muduku pavanhu vose vaMwari, idzi nyasha dzakapiwa kwandiri:
kuti ndiparidze vhangeri kune veDzimwe Ndudzi pfuma yaKristu isin-
ganzwisisiki; 9 uye kuti ndiratidze pachena kuvanhu vose kugoverwa
kwechakavanzika ichi, icho panguva yakare chakanga chakavigwa
muna Mwari, iye akasika zvinhu zvose. 10 Zvaaida zvino ndezvokuti,
kubudikidza nekereke, uchenjeri hwaMwari hukuru huziviswe kuvatongi
navane simba vari muchadenga, 11 maererano nevavariro yake isingaperi
yaakakwanisa muna Kristu Jesu Ishe wedu. 12 Maari, uye kubudikidza
nokutenda kwaari tinogona kusvika kuna Mwari takasununguka uye tisin-
gatyi. 13 Naizvozvo, ndinokukumbirai, kuti muregе kuora mwoyo nokuda
kwamatambudziko angu nokuda kwenyu, anova kukudzwa kwenyu.

### *Kunyengeterera vaEfeso*

14 Nokuda kwaizvozvi, ndinopfugama pamberi paBaba, 15 nokuti mhuri
yavo yose iri kudenga napanyika inowana zita rayo kubva kwavari.
16 Ndinonyengetera kuti kubva papfuma yokubwinya kwavo vakusimbisei
nesimba noMweya wavo mumunhu womukati, 17 kuti Kristu agare mum-
woyo yenyu nokutenda. Uye ndinonyengetera kuti imi, muve nemidzi
uye musimbiswe murudo, 18 muve nesimba, pamwe chete navatsvene
vose, kuti mubate kuti kupamhamha, nokureba uye kukwirira, nokudzika
kworudo rwaKristu kwakadii, 19 uye muzive rudo urwu runopfuura
ruzivo, kuti muzadzwe kusvikira pachiyero chokuzara kwose kwaMwari.

20 Zvino iye anogona kuita zvikuru zvisingagoni kuyerwa kupfuura
zvose zvatingakumbira kana kufunga, maererano nesimba rake riri
kushanda mukati medu, 21 ngaave nokubwinya mukereke uye nomuna
Kristu Jesu kumarudzi namarudzi, nokusingaperi-peri! Ameni.

# 4

### *Kubatana muMuviri waKristu*

1 Sezvo ndiri musungwa waShe, zvino ndinokukurudzirai kuti
murarame upenyu hwakafanira kudanwa kwamakagamuchira.
2 Muzvininipise zvachose uye mupfave; muite mwoyo murefu,
muchiitirana mwoyo murefu murudo. 3 Mushingaire kuchengeta humwe
hwoMweya kubudikidza nechisungo chorugare. 4 Pano muviri mumwe
chete noMweya mumwe chete, sezvo makadanirwa kutariro imwe chete
pamakadanwa, 5 Ishe mumwe, kutenda kumwe, rubhabhatidzo rumwe;

[6] Mwari mumwe naBaba vavose, ari pamusoro pavose, uye kubudikidza
navose, uye muna vose.
[7] Asi kuno mumwe nomumwe wedu kwakapiwa nyasha sokugoverwa
kwadzakaitwa naKristu. [8] Ndokusaka zvichinzi:
"Paakakwira kudenga,
akatungamirira dungwe renhapwa
uye akapa zvipo kuvanhu vake."
[9] (Zvinorevei kuti "akakwira" asi kuti akaburukawo kumativi ari pasi
penyika? [10] Iye akaburuka ndiye chaiye akakwira kumusoro-soro kup-
fuura kudenga denga, kuitira kuti azadze pasi pose.) [11] Ndiye akapa
vamwe kuti vave vapostori, vamwe kuti vave vaprofita, vamwe kuti
vave vavhangeri, uye vamwe kuti vave vafudzi navadzidzisi, [12] kuti
vagadzirire vanhu vaMwari pabasa rokushumira, kuitira kuti muviri
waKristu uvakwe [13] kudzamara isu tose tasvika pahumwe mukutenda
uye nomukuziva Mwanakomana waMwari napamunhu akura, asvika
pachiyero chose chokuzara kwaKristu.
[14] Ipapo hatingazorambi tiri vacheche, vanosundirwa shure nem-
beri vachipeperetswa kuno nouko nemhepo ipi zvayo yedzidziso, uye
nokunyengera nousvinu hwavanhu mukutsausa kwokunyengera kwavo.
[15] Asi, tichitaura chokwadi murudo, tichakura pazvinhu zvose maari iye
musoro, iye Kristu. [16] Kubva maari muviri wose, wakasanganiswa uye
wakabatanidzwa pamwe chete nenhengo dzose dzichiusimbisa, unokura
uye unozvivaka murudo, sezvo mutezo mumwe nomumwe uchiita basa
rawo.

### *Kurarama savana vechiedza*

[17] Saka ndinokuudzai izvi, uye murambire pazviri muna She, kuti
hamufaniri kuramba muchirarama savaHedheni, muupenzi hwen-
dangariro dzavo. [18] Vakasvibiswa mukunzwisisa kwavo uye vaka-
paradzaniswa noupenyu hwaMwari nokuda kwokusaziva kuri mavari
nokuda kwoukukutu hwemwoyo yavo. [19] Vasisina hanya, vakasvika
kuutera kuitira kuti vagoita mabasa ose etsvina, nokuchiva zvakawanda.
[20] Kunyange zvakadaro, imi hamuna kuziva Kristu saizvozvo.
[21] Zvirokwazvo makanzwa nezvake uye makadzidziswa maari maererano
nechokwadi chiri muna Jesu. [22] Makadzidziswa, maererano namafambiro
enyu ekare, kuti mubvise munhu wenyu wekare, anoodzwa nokuchiva
kwokunyengera; [23] kuti muitwe vatsva mukufunga kwendangariro
dzenyu; [24] uye mufuke munhu mutsva, akasikwa kuti afanane naMwari
mukururama kwechokwadi noutsvene.
[25] Naizvozvo mumwe nomumwe wenyu anofanira kubvisa nhema uye
ataure chokwadi kuno muvakidzani wake, nokuti isu tose tiri nhengo
dzomuviri mumwe. [26] "Mukutsamwa kwenyu, musatadza." Musarega
zuva richivira muchakangotsamwa, [27] uye musapa dhiabhori mukana.
[28] Uyo akanga achimboba ngaarege kuzobazve, asi anofanira kushanda,
achiita zvinhu zvinobatsira namaoko ake, kuti ave nechaangagovera avo
vanoshayiwa.
[29] Musarega kutaura kwakaora kuchibuda mumiromo yenyu, asi chete
zvinobatsira pakuvaka vamwe maererano nezvavanoshayiwa, kuti zvigo-
batsira avo vanonzwa. [30] Uye musachemedza Mweya Mutsvene waMwari,
uyo wakaitwa chisimbiso chenyu pazuva rokudzikinurwa. [31] Bvisai
shungu dzose, hasha nokutsamwa, kupopota namakuhwa pamwe chete
nokuvenga kwose. [32] Muitirane mwoyo munyoro uye munzwirane tsitsi,

muchikanganwira mumwe nomumwe wenyu, sezvamakakanganwirwa
naMwari muna Kristu.

# 5

1 Naizvozvo, ivai vateveri vaMwari, savana vanodikanwa 2 uye mu-
rarame upenyu hworudo, sezvatakadikanwa naKristu akazvipa nokuda
kwedu sechipiriso chinonhuhwira uye sechibayiro kuna Mwari.
3 Asi pakati penyu hapafaniri kutaurwa kunyange zvoupombwe, kana
tsvina yemhando ipi zvayo, kana kukara, nokuti izvi hazvina kunaka
kuvanhu vatsvene vaMwari. 4 Uye hapafaniri kuva nokufunga kusina
maturo, kutaura kwoupenzi kana kunemera, izvo zvisina kufanira, asi
zviri nani kuvonga. 5 Nokuti naizvozvi munogona kuva nechokwadi kuti:
Hakuna mhombwe, kana munhu ane tsvina kana ane nhafu, munhu
akadaro ndiye anonamata zvifananidzo, anowana nhaka muumambo
hwaKristu nohwaMwari. 6 Ngakurege kuva nomunhu anokunyengerai
namashoko asina maturo, nokuti nokuda kwezvinhu zvakadaro, kut-
samwa kwaMwari kunouya pamusoro peavo vasingateereri. 7 Naizvozvo
musashamwaridzana navo.
8 Nokuti kare maiva rima, asi zvino mava chiedza muna She. Garai
savana vechiedza 9 (nokuti chibereko chechiedza chino kunaka kwose,
kururama nechokwadi) 10 uye muzive zvinofadza Ishe. 11 Musayanana
namabasa erima, asi zviri nani kuafumura. 12 Nokuti zvinonyadza
kureva zvinoitwa muchivande navana vasingateereri. 13 Asi zvinhu zvose
zvinoratidzwa pachena nechiedza zvinobva zvaonekwa, 14 nokuti chiedza
ndicho chinoratidza zvinhu zvose. Ndokusaka zvichinzi:
"Muka, iwe muvati,
muka kubva kuvakafa,
Kristu achavhenekera pauri."
15 Zvino, muchenjere kuti munorarama sei, kwete savasina kuchenjera
asi savakachenjera, 16 muchishandisa mikana yose, nokuti mazuva akaipa.
17 Naizvozvo musava mapenzi, asi munzwisise kuti kuda kwaShe ndokupi.
18 Musadhakwa newaini, nokuti ndipo pano kusazvidzora. Asi, muzadzwe
noMweya. 19 Mutaure kuno mumwe nomumwe wenyu namapisarema,
nedzimbo uye nenziyo dzomweya. Muimbe uye muridzire Ishe mimhanzi
mumwoyo yenyu, 20 muchivonga Mwari Baba pazvinhu zvose, muzita
raIshe wedu Jesu Kristu.
21 Muzviise pasi pomumwe nomumwe wenyu muchitya Kristu.

*Vakadzi naVarume*

22 Vakadzi, muzviise pasi pavarume venyu sezvamunoita kuna She.
23 Nokuti murume musoro womukadzi saKristu ari musoro wekereke, iwo
muviri wake, iyo yaari muponesi wayo. 24 Zvino sezvo kereke ichizviisa
pasi paKristu, saizvozvowo vakadzi vanofanira kuzviisa pasi pavarume
vavo pazvinhu zvose.
25 Varume, idai vakadzi venyu, saKristu akada kereke uye akazvipa
nokuda kwayo 26 kuti aiite tsvene, akaishambidza nokushambidza
kwemvura neshoko, 27 uye kuti ayiuyise kwaari sekereke inobwinya, isina
gwapa kana kuunyana kana chipi zvacho chainopomerwa. 28 Nenzira
imwe cheteyo, varume vanofanira kuda vakadzi vavo semiviri yavo
chaiyo. Uyo anoda mukadzi wake anozvida iye pachake. 29 Pana izvozvo
zvose, hakuna munhu angavenga muviri wake, asi anoupa zvokudya uye
anouchengeta, sezvinoita Kristu kukereke, 30 nokuti tiri nhengo dzomuviri

wake. [31] "Nokuda kwaizvozvi, murume achasiya baba namai vake
uye asanganiswe nomukadzi, uye vaviri vachava nyama imwe chete."
[32] Ichi ndicho chakavanzika chakadzika, asi ndiri kutaura pamusoro
paKristu nekereke. [33] Kunyange zvakadaro, mumwe nomumwe wenyuwo
anofanira kuda mukadzi wake sezvaanozvida iye, uye mukadzi anofanira
kuremekedza murume wake.

# 6

### *Vana naVabereki*

[1] Vana, teererai vabereki venyu muna She, nokuti ndizvo zvakanaka.
[2] "Kudza baba namai vako," ndiwo murayiro wokutanga une chipikirwa,
[3] "kuti uitirwe zvakanaka uye kuti ugare upenyu hurefu panyika."
[4] Vanababa, regai kutsamwisa vana venyu; asi, muvarere mukurovedza
nokurayira kwaShe.

### *Varanda naVanatenzi*

[5] Varanda, teererai vatenzi venyu vapanyika noruremekedzo uye
nokutya, uye nomwoyo wakatendeka, sokuteerera kwamunoita Kristu.
[6] Musangovateerera kuti vakufarirei pavanenge vachikuonai chete, asi
savaranda vaKristu, vanoita kuda kwaMwari zvichibva pamwoyo yavo.
[7] Mushande nomwoyo wose, sokunge munoshandira Ishe, kwete munhu,
[8] nokuti munoziva kuti Ishe achapa mubayiro mumwe nomumwe pane
zvose zvakanaka zvaanoita, angava muranda kana akasununguka.

[9] Uye imi vatenzi, mubate varanda venyu nenzira imwe cheteyo.
Musavatyisa, sezvo muchiziva kuti Tenzi wavo nowenyu ari kudenga, uye
haana rusaruro maari.

### *Nhumbi dzokurwa nadzo dzaMwari*

[10] Pakupedzisira, ivai nesimba muna She nomusimba rake guru.
[11] Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari kuti mugogona
kumira muchirwa namano adhiabhori. [12] Nokuti hatirwi nenyama
neropa, asi navabati, navanesimba, namasimba enyika ino yerima uye
namasimba emweya yakaipa ari muchadenga. [13] Naizvozvo shongai
nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, kuti panosvika zuva rakaipa,
mugokwanisa kumira, uye mushure mokunge maita zvinhu zvose, kuti
mumire. [14] Zvino mirai nesimba, makasunga bhanhire rechokwadi muchi-
uno chenyu, nechidzitiro chechipfuva chokururama, [15] uye tsoka dzenyu
dzakashongedzwa negadziriro inobva pavhangeri rorugare. [16] Pamusoro
paizvozvi zvose, torai nhoo yokutenda, iyo yamunogona kudzima nayo
miseve inopfuta yowakaipa. [17] Torai nguwani yoruponeso nomunondo
womweya, iro shoko raMwari. [18] Uye munyengetere muMweya nguva
dzose nemhando dzose dzeminyengetero nemikumbiro. Muine izvi
mupfungwa dzenyu, murinde uye murambe muchinyengeterera vatsvene.

[19] Munyengeterere neniwo, kuti pose pandinoshama muromo wangu,
ndipiwe mashoko kuitira kuti ndigozivisa chakavanzika chevhangeri
ndisingatyi, [20] iro randiri nhume yakasungwa nengetani. Nyengeterai kuti
ndiritaure ndisingatyi, sezvandinofanira.

### *Mashoko Okupedzisira*

21 Tikikasi, hama inodikanwa nomuranda akatendeka muna She,
achakuudzai zvinhu zvose, kuitira kuti nemiwo muzive zvandiri nez-
vandinoita. 22 Ndiri kumutuma kwamuri nokuda kwechinangwa ichi, kuti
muzive zvatiri, uye kuti akukurudzirei.

23 Rugare kuhama, norudo nokutenda zvinobva kuna Mwari Baba naIshe Jesu Kristu.

24 Nyasha kuna vose vanoda Ishe wedu Jesu Kristu norudo rusingaperi.

# VAFIRIPI

1 Pauro naTimoti, varanda vaKristu Jesu, kuvatsvene vose muna Kristu
Jesu vari paFiripi, pamwe chete navatariri navadhikoni vekereke:

2 Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba nokuna Ishe Jesu Kristu
ngazvive kwamuri.

*Kuvonga noKunyengetera*

3 Ndinovonga Mwari wangu nguva dzose pandinokurangarirai.
4 Muminyengetero yangu yose nokuda kwenyu mose, ndinogara
ndichinyengetera nomufaro 5 nokuda kwokubata pamwe kwenyu mu-
vhangeri kubvira pazuva rokutanga kusvikira zvino, 6 ndichiziva izvi,
kuti iye akatanga basa rakanaka mamuri acharipedzisa kusvikira pazuva
raKristu Jesu.
7 Zvakanaka kwandiri kuti ndifunge saizvozvo pamusoro penyu mose,
sezvo ndinemi mumwoyo; nokuti kunyange ndakasungwa nengetani kana
kuti ndichidzivirira nokusimbisa vhangeri, imi mose munogovana neni
munyasha dzaMwari. 8 Mwari anogona kupupura kuti ndinokufungai sei
imi mose norudo rwaKristu Jesu.
9 Uye uyu ndiwo munyengetero wangu: kuti rudo rwenyu ruwande
uye muwanze kuziva nokunzwisisa, 10 kuitira kuti mugogona kunzwi-
sisa kuti zvakaisvonaka ndezvipi uye muve vakachena uye mushayiwe
chamungapomerwa kusvikira pazuva raKristu, 11 muzere nechibereko
chokururama chinouya kubudikidza naJesu Kristu, kuti kubwinya noku-
rumbidzwa zvive kuna Mwari.

*Kusungwa kwaPauro kunofambisa Vhangeri*

12 Zvino ndinoda kuti muzive, hama dzangu, kuti zvakaitika kwandiri
zvakabatsira zvikuru kufambisa vhangeri. 13 Nokuda kwaizvozvo, zvava
pachena kuvarindi vomuzinda wamambo nokuna vose kuti ndiri munge-
tani nokuda kwaKristu. 14 Nokuda kwengetani dzangu, hama zhinji muna
She dzakakurudzirwa kuti vataure shoko raMwari vakashinga zvikuru uye
vasingatyi.
15 Ichokwadi kuti vamwe vanoparidza Kristu negodo uye negakava,
asi vamwe nenzira yakanaka. 16 Vamwe vanoita izvozvo murudo,
vachiziva kuti ndakaiswa muno nokuda kwokudzivirira vhangeri.
17 Vamwe vaiparidza Kristu nomwoyo woruchiva, vasina kutendeka,
vachifungidzira kuti vangandimutsira dambudziko ndichiri mungetani.
18 Asi zvisinei hazvo, chinhu chinokosha ndechokuti munzira dzose,
dzingava ndangariro dzenhema kana dzechokwadi, Kristu ari kuparidzwa
hake. Uye nokuda kwaizvozvi ndinofara.
Hongu, uye ndicharamba ndichifara, 19 nokuti ndinoziva kuti
kubudikidza neminyengetero yenyu uye norubatsiro runopiwa noMweya
waJesu Kristu, zvakaitika kwandiri zvichashanduka zvikava kusunun-
gurwa kwangu. 20 Ndinoshuva zvikuru nokutarira kuti handinga-
zonyadziswi, asi ndichava nokushinga kwakakwana kuitira kuti zvino
senguva dzose Kristu achakudzwa mumuviri wangu, muupenyu kana
murufu. 21 Nokuti kwandiri, kurarama ndiKristu uye kufa kupfuma.

22 Kana ndikaramba ndichirarama mumuviri, izvi zvichareva kubata kune
zvibereko kwandiri. Asi ndichasarudzeiko? Handizivi! 23 Ndiri pakati
pezvinhu zviviri zvinoti: Ndinoda kuenda kuti ndive naKristu, zvinova
ndizvo zviri nani nokupfuuridza; 24 asi zvinokoshawo zvikuru kwamuri
kuti ndirambe ndiri mumuviri uyu. 25 Ndichitenda chinhu ichi, ndinoziva
kuti ndichagara, uye ndicharamba ndinemi mose kuti mupfuurire mberi
uye mufare mukutenda kwenyu, 26 kuitira kuti ndichinge ndadzoka
kwamuri zvakare, mufaro wenyu muna Kristu Jesu ugozadziswa nokuda
kwangu.

27 Zvisinei kuti chii chaitika kwandiri, murambe muchifamba nenzira
yakafanira vhangeri raKristu. Ipapo, kunyange ndikauya kuzokuonai
kana kunzwa nezvenyu ndisipo hangu, ndichaziva kuti mumire nesimba
mumweya mumwe, muchirwa somunhu mumwe nokuda kwokutenda
kwevhangeri, 28 musingatyiswi nenzira ipi zvayo neavo vanopikisana
nemi. Ichi ndicho chiratidzo kwavari kuti vachaparadzwa, uye kuti imi
muchaponeswa naMwari. 29 Nokuti makapiwa imi, nokuda kwaKristu,
kuti musangotenda kwaari bedzi, asi kuti mutambudzike nokuda kwake,
30 sezvo muri mukurwa kumwe chete uku kwamakandiona ndinako, uye
kwamunoziva zvino kuti ndichinako.

# 2

*Kuzvininipisa saKristu*

1 Kana muine kurudziro inobva pakubatana naKristu, kana paine
kunyaradza kunobva parudo rwake, kana pano kuwadzana noMweya,
kana paino unyoro netsitsi, 2 ipapo itai kuti mufaro wangu uzare
nokuva nomurangariro wakadaro, muine rudo rumwe chete, muri vamwe
mumweya nechinangwa. 3 Musaita chinhu nomwoyo wokuchiva kana
kuzvikudza, asi mukuzvininipisa muchionawo vamwe kuti vari nani
kupfuura imi. 4 Mumwe nomumwe wenyu ngaarege kungotsvaka zvake
chete, asi zvavamwewo.

5 Kufunga kwenyu ngakuve sokwaKristu Jesu:

6 Uyo, kunyange aiva Mwari chaiye,
haana kufunga kuti kuenzana naMwari chinhu chingabatisiswa,
7 asi akazviita chinhu pasina,
akatora chimiro chomuranda chaiye,
akaitwa somunhu.
8 Uye akati awanikwa ane chimiro chomunhu,
akazvininipisa
uye akateerera kusvikira pakufa, kunyange rufu pamuchinjikwa.

9 Naizvozvo Mwari akamukudza panzvimbo yapamusoro-soro,
uye akamupa zita riri pamusoro pamazita ose,
10 kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame,
mudenga napanyika uye napasi penyika,
11 uye ndimi dzose dzipupure kuti Jesu Kristu ndiye Ishe,
kuti Mwari Baba vakudzwe.

*Kupenya seNyeredzi*

12 Naizvozvo, shamwari dzangu dzinodiwa, sezvamunogara muchiteer-
era, kwete ndiripo bedzi, asi zvino zvikuru ndisipo, rambai muchis-
handira ruponeso rwenyu nokutya nokudedera, 13 nokuti ndiMwari

anoshanda mukati menyu kuti mude uye muite maererano nokuda kwake
kwakanaka.
[14] Itai zvose musinganyunyuti kana kukakavara, [15] kuitira kuti mugova
vasina chavangapomerwa uye vakachena, vana vaMwari vasina mhosva
murudzi urwu rwakakombama uye rwakatsauka, rwamunovhenekera
senyeredzi munyika [16] sezvamunobatirira pashoko roupenyu, kuitira kuti
ndigozvirumbidza pazuva raKristu uye kuti handina kumhanya kana
kushanda pasina. [17] Asi kunyange dai ndadururwa hangu sechipiriso chi-
nonwiwa pamusoro pechibayiro noushumiri hunobva pakutenda kwenyu,
ndinofara uye ndinofarisisa nemi mose. [18] Saka nemiwo munofanira
kufara nokufarisisa neni.

### *Timoti naEpafrodhitasi*

[19] Ndine tariro muna Ishe Jesu kuti nditume Timoti kwamuri nokuku-
rumidza, kuti neniwo ndifare pandichanzwa mashoko pamusoro penyu.
[20] Handina mumwe akaita saye, ane hanya kwazvo nokugara kwenyu
kwakanaka. [21] Nokuti munhu wose anozvitsvakira zvake, zvisati zviri
zvaJesu Kristu. [22] Asi munoziva kuti Timoti akaratidza kutendeka
kwake, nokuti somwanakomana ana baba vake akashanda neni mubasa
revhangeri. [23] Naizvozvo, ndine tariro yokuti ndimutume nokukurumidza
kana ndaona kuti zvinhu zvinondifambira sei. [24] Ndinovimba muna She
kuti ini pachangu ndichauya nokukurumidza.

[25] Asi ndinofunga kuti zvakafanira kuti nditumirezve kwamuri Epafrod-
hitasi, hama yangu, mubati pamwe chete neni uye murwi pamwe
chete neni, iye nhume yenyuwo, wamakatuma kuti azondibatsira pane
zvandaishayiwa. [26] Nokuti anokushuvai mose uye ari kutambudzika
nokuti makanzwa kuti akanga achirwara. [27] Zvechokwadi akanga achir-
wara, uye akapotsa afa. Asi Mwari akava nengoni naye, uye kwete kwaari
oga asi kwandiriwo, kuti ndirege kuva nokusuwa pamusoro pokusuwa.
[28] Naizvozvo ndinoshinga kwazvo kuti ndimutume, kuti pamunomuon-
azve mugofara uye ini ndive nokufunganya kushoma. [29] Mugamuchirei
muna She nomufaro mukuru, uye mukudze munhu akaita saiyeye,
[30] nokuti akapotsa afa nokuda kwebasa raKristu, akaisa upenyu hwake
panjodzi kuti akwanise kubatsira kwamakanga musingagoni kundiitira
imi.

## 3

### *Kusavimba neNyama*

[1] Pakupedzisira, hama dzangu, farai muna She! Harisi dambudziko
kwandiri kuti ndinyore zvinhu zvimwe chetezvo zvakare kwamuri, uye
zvinokuchengetedzai imi.

[2] Chenjererai imbwa dziya, vanhu vanoita zvakaipa, vaya vanore-
madza nyama nokucheka. [3] Nokuti tisu vokudzingiswa, tisu tinonamata
noMweya waMwari, vanozvirumbidza muna Kristu Jesu, uye vasingav-
imbi nenyama, [4] kunyange zvangu ini ndine chikonzero chokuvimba
kwakadaro.

Kana pano munhu zvake anofunga kuti ane chikonzero chokuvimba
nenyama, ini ndinazvo zvakawanda: [5] ndakadzingiswa pazuva rorusere,
ndiri mumwe wavanhu veIsraeri, worudzi rwaBhenjamini, muHebheru
wavaHebheru; pamurayiro, ndiri muFarisi; [6] kana kuri kushingaira,

ndichitambudza kereke; kana kuri kuchengetedza murayiro, handina
mhosva.
7 Asi zvose zvakanga zviri pfuma kwandiri, ndakaona kuri kurasikirwa
nokuda kwaKristu. 8 Chimwezve ndakati zvinhu zvose kurasikirwa
hako kana zvichienzaniswa noukuru hunopfurikidza hwokuziva Kristu
Jesu, Ishe wangu, nokuti nokuda kwake ndakarasikirwa nezvinhu zvose.
Ndakazviita marara, kuti ndiwane Kristu. 9 Uye kuti ndiwanikwe
maari, ndisina kururama kwangu kunobva pamurayiro, asi uko kunouya
kubudikidza nokutenda kuri muna Kristu, iko kururama kunobva kuna
Mwari uye kuri kwokutenda. 10 Ndinoda kuziva Kristu nesimba rokumuka
kwake uye nokuwadzana kwokugovana naye mumatambudziko ake,
ndifanane naye pakufa kwake, 11 uye kuti, zvimwe, ndiwane kumuka
kubva kuvakafa.

### *Kushingaira Kusvika kuMagumo*

12 Kwete kuti ndatowana zvose izvi kare, kana kuti ndatokwana
pakururama, asi ndinoshingaira kuti ndichibate icho chandakabatirwa
naKristu Jesu. 13 Hama dzangu, handisi kuti ndatochibata. Asi ndinoita
chinhu chimwe: Ndinokanganwa zviri shure ndichivavarira zviri mberi,
14 ndinoshingairira kuchinangwa chokupedzisira kuti ndiwane mubayiro
wandakadanirwa naMwari kudenga muna Kristu Jesu.
15 Isu tose takura tinofanira kuva nepfungwa iyoyo. Uye kana pane
dzimwe nguva imi muchifunga zvakasiyana, izvozvowo Mwari achazvi-
jekesa kwamuri. 16 Ngatiraramei bedzi zvinopindirana nezvatakawana.
17 Batanai navamwe mukutevera muenzaniso wangu, hama,
uye mucherechedze avo vanorarama zviri maererano netsika
dzatakakudzidzisai. 18 Nokuti, sezvandaimbokuudzai kare uye
ndinodarozve kunyange zvino nemisodzi kuti, vazhinji vanorarama
savavengi vomuchinjikwa waKristu. 19 Magumo avo ndiko kuparadzwa
kwavo, Mwari wavo idumbu ravo, uye kuzvirumbidza kwavo ndiko
kunyadziswa kwavo. Pfungwa dzavo dzinofunga zvinhu zvenyika. 20 Asi
nyika yedu iri kudenga. Uye tinomirira Muponesi anobva ikoko, iye Ishe
Jesu Kristu, 21 uyo ane simba rinomugonesa kuti auyise zvinhu zvose
pasi pesimba rake, achavandudza miviri yedu yakazvidzika kuti ifanane
nomuviri wake wokubwinya.

## 4

1 Naizvozvo, hama dzangu, iyemi vandinoda uye vandinoshuva, mufaro
wangu nekorona yangu, ndiko kuti mumire nesimba muna She, hama
dzinodiwa!

### *Kurudziro*

2 Ndinokumbira zvikuru kuna Yudhia uyewo ndinokumbira zvikuru
Sindike kuti vatenderane muna She. 3 Hongu, uye ndinokukumbira
iwe wakatendeka, musungwa pamwe chete neni pajoko, batsira vakadzi
ava vakarwa pamwe chete neni mubasa revhangeri, pamwe chete
naKiremenzi uye navamwe vose vakabata basa pamwe chete neni, mazita
avo ari mubhuku roupenyu.
4 Farai muna She nguva dzose. Ndichapamhidzazve: Farai! 5 Unyoro
hwenyu ngahuonekwe kuna vose. Ishe ava pedyo. 6 Musafunganya
pamusoro pechimwe chinhu, asi muzvinhu zvose, kumbirai Mwari
neminyengetero, nemikumbiro uye nokuvonga. 7 Uye rugare rwaMwari,

runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda mwoyo yenyu nemifungo
yenyu muna Kristu Jesu.
8 Pakupedzisira hama, ndinoti kwamuri: fungai pamusoro pezvinhu
izvi zvose zvechokwadi, zvose zvinokudzwa, zvose zvakarurama, zvose
zvakachena, zvose zvinodikanwa, zvose zvinoyevedza, kana paine chinhu
chakaisvonaka kana chinorumbidzwa, fungai pamusoro pezvinhu izvi
zvakadai. 9 Zvinhu zvipi zvazvo zvamakadzidza kana zvamakagamuchira
kana zvamakanzwa kubva kwandiri, kana zvamakaona mandiri, itai
izvozvo. Uye Mwari worugare ngaave nemi.

### *Anovonga Zvipo Zvavo*

10 Ndinofara zvikuru muna She kuti pakupedzisira makavandudza
hanya yenyu nokuda kwangu. Zvirokwazvo, makanga mune hanya
henyu, asi makanga musina mukana wokuti muzviratidze. 11 Handirevi
izvi nokuda kwokuti ndinoshayiwa, nokuti ndakadzidza kugutsikana
nezvinenge zviripo. 12 Ndinoziva kuti kushayiwa chii, uye ndinoziva kuva
nezvakawanda. Ndakadzidza chakavanzika chokugutsikana mune zvipi
zvazvo uye mumamiriro ose zvawo, kungava kuguta kana kunzwa nzara,
kana kuva nezvakawanda kana kushayiwa. 13 Ndinogona kuita zvinhu
zvose kubudikidza naiye anondipa simba.
14 Asi makaita zvakanaka kuti makagovana neni mumatambudziko
angu. 15 Pamusoro paizvozvo, sezvamunoziva imi vaFiripi, pamazuva
enyu okutanga kundiziva nevhangeri, pandakasimuka kubva kuMased-
honia, hakuna kereke yakagovana neni panyaya yokupa nokugamuchira,
kunze kwenyu chete; 16 nokuti kunyange pandakanga ndiri muTesa-
ronika, makanditumira rubatsirozve uye mukapamha pandainge ndiri
pakushayiwa. 17 Handirevi kuti ndinotsvaka chipo, asi ndinotsvaka izvo
zvamungazopfumiswa nazvo. 18 Ndakagamuchira mubayiro uzere uye
kunyange zvizhinji; ndava nezvakakwana, zvino zvandagamuchira kubva
kuna Epafrodhitasi zvipo zvamakanditumira. Zvakaita sechipiriso chinon-
huhwira, chibayiro chakafanira, chinofadza Mwari. 19 Uye Mwari wangu
achazadzisa zvamunoshayiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma
yake muna Kristu Jesu.
20 Mwari naBaba vedu ngaave nokubwinya nokusingaperi-peri. Ameni.

### *Mashoko Okupedzisira*

21 Kwazisai vatsvene vose muna Kristu Jesu.
Hama dzandinadzo dzinokukwazisai.
22 Vatsvene vose vanokukwazisai, kunyanya avo veimba yaKesari.

23 Nyasha dzaIshe Jesu Kristu ngadzive nomweya wenyu. Ameni.

# VAKOROSE

1 Pauro, mupostori waKristu Jesu nokuda kwaMwari, naTimoti hama
yedu, 2 kuhama tsvene uye dzakatendeka dziri muna Kristu paKorose:

Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba ngazvive nemi.

### *Kuvonga noKunyengetera*

3 Tinogara tichivonga Mwari, Baba vaIshe wedu Jesu Kristu, patinokun-
yengetererai, 4 nokuti takanzwa nezvokutenda kwenyu muna Kristu Jesu
uye nezvorudo rwamunarwo kuvatsvene vose, 5 kutenda norudo zvinobva
patariro yamakachengeterwa kudenga uye iyo yamakatonzwa nezvayo
mushoko rezvokwadi, iro vhangeri 6 rakasvika kwamuri. Munyika
yose vhangeri iri riri kubereka zvibereko uye richikura sezvarakanga
richiita pakati penyu kubvira pazuva ramakarinzwa uye mukanzwisisa
nyasha dzaMwari muzvokwadi yose. 7 Makazvidzidza kubva kuna
Epafrodhitasi, muranda pamwe chete nesu anodikanwa, mushumuri
akatendeka waKristu nokuda kwedu, 8 uye akatiudzawo nezvorudo
rwenyu muMweya.
9 Nokuda kwaizvozvi, kubvira pazuva ratakanzwa nezvenyu, hatina
kurega kukunyengetererai tichikumbira Mwari kuti akuzadzei nokuziva
kuda kwake kubudikidza nouchenjeri hwose hwomweya, uye nokunzwi-
sisa. 10 Uye tinonyengeterera izvi kuitira kuti mugare upenyu hwakafanira
uye kuti mumufadze iye mune zvose: muchibereka zvibereko mumabasa
ose akanaka, muchikura mukuziva Mwari, 11 muchisimbiswa nesimba
rose maererano nokubwinya kwesimba rake kuti muve nokutsunga
kukuru uye nomwoyo murefu, muchifara kwazvo 12 muchivonga ivo
Baba, vakaita kuti mukodzere kugovana nhaka yavatsvene muumambo
hwechiedza. 13 Nokuti akatinunura kubva pasimba rerima akatiuyisa
kuumambo hwoMwanakomana waanoda, 14 watine dzikinuro maari, iko
kuregererwa kwezvivi.

### *Ukuru hwaKristu*

15 Ndiye mufananidzo waMwari asingaonekwi, dangwe rezvisikwa
zvose. 16 Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye: zviri kudenga nezviri
panyika, zvinoonekwa nezvisingaonekwi, zvigaro zvoushe kana masimba
kana vatongi kana vane simba; zvinhu zvose zvakasikwa naye uye
zvakasikirwa iye. 17 Iye anotangira zvose, uye zvinhu zvose zvinobatana
maari. 18 Ndiye musoro womuviri, iyo kereke; ndiye wokutanga uye ndiye
dangwe ravakamuka kubva kuvakafa, kuitira kuti pazvinhu zvose iye ave
mukuru. 19 Nokuti Mwari akafadzwa nazvo kuti kuzara kwake kwose
kugare maari, 20 uye kubudikidza naye ayananise kwaari zvinhu zvose,
zvingava zvinhu zviri panyika kana zvinhu zviri kudenga, nokuita rugare
kubudikidza neropa rake, rakateurwa pamuchinjikwa.
21 Kare makanga muri vatorwa kuna Mwari uye maiva vavengi
mupfungwa dzenyu nokuda kwetsika dzenyu dzakaipa. 22 Asi zvino
akakuyananisai nomuviri waKristu kubudikidza norufu kuti akuisei
pamberi pake muri vatsvene, vasina chavanopomerwa uye makasunun-
gurwa kubva pakupomerwa 23 kana muchirambira mukutenda kwenyu,

makasimbiswa uye makasimba, musingazungunuswi kubva patariro
iri muvhangeri. Ndiro vhangeri ramakanzwa uye rakaparidzirwa
kuzvisikwa zvose pasi pedenga, uye iro ini, Pauro, ndakaitwa muranda
nokuda kwaro.

### *Kushandira Kereke kwaPauro*

24 Zvino ndinofara mune zvamakatamburirwa imi, uye ndinozadzisa
munyama yangu izvo zvichiri kushayikwa maererano nokutambudzika
kwaKristu, nokuda kwomuviri wake, iyo kereke. 25 Ini ndava muranda
wayo nokutumwa kwandakaitwa naMwari kuti ndiise kwamuri shoko
raMwari nokuzara kwaro, 26 chakavanzika chakanga chakavigwa kubvira
kare uye kumarudzi namarudzi, asi zvino zvakazarurirwa vatsvene.
27 Kwavari, Mwari akasarudza kuti azivise pakati pavaHedheni, pfuma
inobwinya yechakavanzika ichi, iye Kristu mamuri, tariro yokubwinya.

28 Tinomuparidza, tichirayira uye tichidzidzisa munhu wose nouchen-
jeri hwose, kuitira kuti tisvitse munhu wose akakwana muna Kristu.
29 Nokuda kwaizvozvi, ndinoshanda nesimba, ndichirwisa nesimba rake
rose, rinoshanda zvikuru mandiri.

# 2

1 Ndinoda kuti muzive kuti ndiri kurwa sei pamusoro penyu nepaavo
vari paRaodhikea, navose vasina kuonana neni pachangu. 2 Vavariro
yangu ndeyokuti vakurudzirwe mumwoyo uye vabatane murudo, kuitira
kuti vave nepfuma izere yokunzwisisa kwakakwana, kuti vagoziva
chakavanzika chaMwari, iye Kristu, 3 maari ndimo makachengetwa pfuma
yose youchenjeri nokuziva. 4 Ndinokuudzai izvi kuitira kuti parege
kuva nomunhu anokunyengerai namashoko anobata kumeso. 5 Nokuti
kunyange ndisipo pamuri panyama, mumweya ndinemi uye ndinofara
ndichiona kuti mugere zvakanaka sei uye kuti makasimba sei mukutenda
kwenyu muna Kristu.

### *Kusunungurwa paTsika dzaVanhu noUpenyu muna Kristu*

6 Saka zvino, sezvamakagamuchira Kristu Jesu saShe, rambai muchi-
famba maari, 7 mune midzi uye makavakwa maari, makasimbiswa
mukutenda sezvamakadzidziswa, uye muzere nokuvonga.

8 Muone kuti parege kuva nomunhu anokutapai nokutaura kusina
maturo kunonyengera, kunosendamira patsika dzavanhu nezvokuvamba
kwenyika ino, asingateveri Kristu.

9 Nokuti muna Kristu kuzara kwouMwari kunogara maari pamuviri,
10 nemiwo makapiwa kuzara uku muna Kristu, iye ari pamusoro poushe
hwose nesimba. 11 Nemiwo makadzingiswa maari, mukubviswa kwom-
unhu wezvivi, kwete nokudzingiswa kunoitwa namaoko avanhu, asi
nokudzingiswa kunoitwa naKristu, 12 makavigwa pamwe chete mukub-
habhatidzwa uye mukamutswa pamwe chete naye nokutenda kwenyu
musimba raMwari, akamumutsa kubva kuvakafa.

13 Pamakanga makafa muzvivi zvenyu uye nokusadzingiswa kwomunhu
wenyu wekare, Mwari akakuitai vapenyu muna Kristu. Akatikanganwira
zvivi zvedu zvose, 14 akadzima mutemo wakanyorwa, nezvirevo zvawo,
uyo wakanga uchirwa nesu uye waimira uchipikisana nesu; akaubvisa,
achiuroverera pamuchinjikwa. 15 Uye akati abvisa ushe namasimba,
akazvibudisa pachena, akazvikunda nomuchinjikwa.

[16] Naizvozvo ngakuregekuva nomunhu anokutongai pamusoro pezva-
munodya kana kunwa, kana nezvemitambo yechitendero, kupemberera
Kugara kwoMwedzi kana zuva reSabata. [17] Izvi mumvuri wezvinhu
zvaizouya, kunyange zvakadaro, chokwadi chinowanikwa muna Kristu.
[18] Musarega munhu upi zvake anofarira kuzvininipisa kwenhema uye
kunamata vatumwa achikutorerai mubayiro wenyu. Munhu akadaro
anorondedzera zvikuru pamusoro pezvaakaona, uye nokufunga kwake
kwenyama anozvikudza pasina. [19] Akarasika kubva paMusoro, uyo kubva
pauri muviri wose, wakasimbiswa uye wakabatanidzwa pamwe chete
nemitezo yawo namarunda, unokura sezvinoda Mwari.

[20] Sezvo makafa pamwe chete naKristu kune mitemo yenyika ino, seiko
muchiita kunge muchiri vayo, muchizviisa pasi pemitemo yayo inoti:
[21] "Usabata! Usaravira! Usagunzva!"? [22] Izvi zvose zvichaparadzwa
nokubata kwazvo, nokuti zvakavakwa pamirayiro yavanhu nokudzidzisa
kwavanhu. [23] Zvirokwazvo mitemo yakadai inoita seino uchenjeri,
nokunamata kwavo kwokuzvipa, kuzvininipisa kwavo kwenhema uye
nokurwadzisa kwavo muviri, asi zvisingagoni kudzivisa kuchiva kwom-
uviri.

# 3

*Mirayiro yaMararamiro Matsvene*

[1] Sezvo, zvino, makamutswa pamwe chete naKristu, isai mwoyo
yenyu pazvinhu zviri kumusoro, uko kugere Kristu kuruoko rworudyi
rwaMwari. [2] Isai pfungwa dzenyu pazvinhu zviri kumusoro, kwete
pazvinhu zvenyika. [3] Nokuti makafa, uye upenyu hwenyu hwakavigwa
zvino naKristu muna Mwari. [4] Panoonekwa Kristu, iye upenyu hwenyu,
ipapo nemiwo muchaonekwa pamwe chete naye mukubwinya.

[5] Naizvozvo, urayai zvose zvenyu zvenyika zvinoti: upombwe, netsvina,
nokusachena, nokuchiva, nokuda zvakaipa uye kukara, ndiko kunamata
zvifananidzo. [6] Nokuda kwaizvozvi, kutsamwa kwaMwari kuri kuuya.
[7] Imi maimbofamba mazviri, muupenyu hwamaimborarama. [8] Asi zvino
munofanira kuzvidzora pane zvose zvakadai sezvizvi zvinoti: kutsamwa,
hasha, ruvengo, makuhwa, nokutaura zvakaora zvichibva pamiromo
yenyu. [9] Musareverana nhema, sezvo makabvisa munhu wenyu wekare
namabasa ake [10] mukafuka munhu mutsva, ari kuvandudzwa mukuziva,
mumufananidzo woMusiki wake. [11] Apa hapachina muGiriki kana
muJudha, kudzingiswa kana kusadzingiswa, mutorwa kana muSitia,
nhapwa kana akasununguka, asi Kristu ndiye zvose, uye ari mune zvose.

[12] Naizvozvo savasanangurwa vaMwari, vatsvene uye vanodikanwa
kwazvo, zvifukidzei netsitsi, nounyoro, nokuzvininipisa, nokupfava uye
nomwoyo murefu. [13] Munzwirane tsitsi uye mukanganwirane pamhosva
ipi zvayo yamunenge matadzirana. Mukanganwire sezvamakakangan-
wirwa naShe. [14] Uye pazvinhu zvose izvi fukai rudo, runokusunganidzai
pamwe chete muhumwe hwakakwana.

[15] Rugare rwaKristu ngarutonge mumwoyo yenyu, sezvo senhengo
dzomuviri mumwe makadanirwa kurugare. Uye munofanira ku-
vonga. [16] Shoko raKristu ngarigare zvakakwana mamuri pamunenge
muchidzidzisana muchirayirana nouchenjeri hwose, uye muchiimba
mapisarema, dzimbo nenziyo dzomweya muchivonga Mwari mumwoyo
yenyu. [17] Uye zvose zvamunoita, mushoko kana mumabasa, itai zvose
muzita raIshe Jesu, muchivonga Mwari ivo Baba kubudikidza naye.

### *Mitemo yavaKristu mudzimba dzavo*

18 Vakadzi, zviisei pasi pavarume venyu, sezvazvakafanira muna She.

19 Varume, idai vakadzi venyu musingavabati nehasha.

20 Vana, teererai vabereki venyu pazvinhu zvose, nokuti izvi zvinofadza Ishe.

21 Madzibaba, musanetsa vana venyu, nokuti vanozoora mwoyo.

22 Varanda, teererai vatenzi venyu vapanyika muzvinhu zvose; uye
muzviite, kwete kuti vakuonei chete uye kuti mudikanwe navo, asi
nokutendeka kwomwoyo uye nokutya Ishe. 23 Zvose zvamunoita, itai
zvose nomwoyo wose, savanhu vanoshandira Ishe, kwete munhu, 24 sezvo
muchiziva kuti muchagamuchira nhaka kubva kuna She somubayiro.
NdiIshe Kristu wamunoshumira. 25 Ani naani anoita zvakaipa achatsiviwa
nokuda kwezvakaipa zvake, uye hapana kutsaura vanhu.

## 4

1 Vatenzi, ipai varanda venyu zvinhu zvakanaka uye zvakaenzana, nokuti munozviziva kuti nemiwo muna vaTenzi kudenga.

### *Kumwe Kurayira*

2 Muzvipire pakunyengetera, makanyatsorinda uye muchivonga.
3 Uye mutinyengetererewo kuti Mwari azarure mukova weshoko redu,
kuitira kuti tigoparidza chakavanzika chaKristu, icho chandakasungirwa.
4 Nyengeterai kuti ndigone kuparidza zvakajeka, sezvandinofanira. 5 Muve
vakachenjera pamafambiro enyu kuna vari kunze; mungwarire nguva
yenyu. 6 Kutaura kwenyu ngakugare kwakazara nenyasha nguva dzose,
kwakarungwa nomunyu, kuitira kuti muzive mapinduriro amunoita
vanhu vose.

### *Mashoko Okupedzisira*

7 Tikikasi achakuudzai mashoko ose pamusoro pangu. Iye ihama
inodikanwa kwazvo, mushumiri akatendeka nomushandi pamwe chete
neni muna She. 8 Ndiri kumutuma kwamuri nechinangwa ichi kuti muzive
zvatiri uye kuti akurudzire mwoyo yenyu. 9 Ari kuuya pamwe chete
naOnesimasi, hama yedu yakatendeka uye inodikanwa, anova mumwe
wenyu. Vachakuudzai zvose zviri kuitika kuno.

10 Musungwa pamwe chete neni Aristakusi anokukwazisai, naMako, hama yaBhanabhasi anokukwazisaiwo. (Makarayirwa zvokuita naye; kana asvika kwamuri, mumugamuchire.)

11 Jesu anonzi Jastasi, anokukwazisaiwo. Ava ndivo vaJudha bedzi pakati pavamwe vandinoshanda navo muumambo hwaMwari, uye vanondinyaradza.

12 Epafurasi, mumwe wenyu nomuranda waKristu Jesu, anokukwazi-
sai. Anogara achirwa muminyengetero nokuda kwenyu, kuti mumire
makasimba mukuda kwose kwaMwari, makura uye muzere nokuziva.
13 Ndinomupupurira kuti anokushandirai nesimba pamwe chete naavo
vari paRaodhikea, napaHirapori.

14 Shamwari yedu inodikanwa Ruka, chiremba, naDhemasi vanokukwazisai.

15 Ndikwazisirei hama dziri paRaodhikea, naNimufa nekereke iri mumba make.

16 Mushure mokuverengwa kwetsamba kwamuri, muone kuti yaverengwawo mukereke yeRaodhikea uye kuti nemiwo muverenge tsamba inobva kuRaodhikea.

17 Muudze Akipasi kuti, “Ona kuti wapedza basa rawakagamuchira muna She.”

18 Ini, Pauro ndanyora kwaziso iyi noruoko rwangu pachangu. Rangarirai ngetani dzangu. Nyasha ngadzive nemi.

# 1 VATESARONIKA

1 Pauro, Sirasi naTimoti, kukereke yavaTesaronika muna Mwari Baba
naIshe Jesu Kristu:

Nyasha norugare ngazvive nemi.

*Anovonga vaTesaronika paKutenda kwavo*

2 Tinogara tichivonga Mwari nokuda kwenyu mose, tichikutaurai
muminyengetero yedu. 3 Tinoramba tichirangarira pamberi paMwari
wedu naBaba vedu, basa renyu rinobva pakutenda, nokushanda kwenyu
kunobva parudo, uye nokutsungirira kwenyu kunobva patariro iri muna
Ishe Jesu Kristu.

4 Nokuti tinoziva, hama dzinodikanwa naMwari, kuti akakusarudzai,
5 nokuti vhangeri redu harina kuuya kwamuri namashoko bedzi, asi
nesimbawo, noMweya Mutsvene uye nokuziva kwakadzama. Munoziva
kuti takagara sei pakati penyu nokuda kwenyu. 6 Makava vateveri vedu
uye nevaIshe; pakati pokutambudzika kukuru, makagamuchira shoko
nomufaro unopiwa naMweya Mutsvene. 7 Nokudaro makava muenzaniso
kuvatendi vose vari muMasedhonia neAkaya. 8 Shoko raShe rakanzwika
kubva kwamuri kwete muMasedhonia neAkaya bedzi, kutenda kwenyu
muna Mwari kwakazivikanwa kwose kwose. Naizvozvo hatifaniri ku-
taura chinhu pamusoro pazvo, 9 nokuti ivo pachavo vanozivisa kuti
takagamuchirwa sei navo. Vanotaura kuti makadzokera sei kuna
Mwari muchibva kuzvifananidzo kuti mushumire Mwari mupenyu uye
wechokwadi, 10 uye kuti mumirire Mwanakomana wake anobva kudenga,
uyo waakamutsa kubva kuvakafa, Jesu, anotinunura kubva pakutsamwa
kuchauya.

## 2

*Ushumiri hwaPauro muTesaronika*

1 Munoziva, hama, kuti kushanya kwedu kwamuri hakuna kuva pasina.
2 Takanga tambotambudzika uye tikatukwa muFiripi, sezvamunoziva, asi
norubatsiro rwaMwari wedu hatina kurega kukuparidzirai vhangeri rake
pakati pokupikiswa kukuru. 3 Nokuti chikumbiro chatinoita hachibvi
pakukanganisa kana pamufungo usina kunaka, uye hatisi kuedza kukun-
yengerai. 4 Asi, tinotaura savanhu vakatenderwa naMwari kuti tipiwe
vhangeri. Hatisi kuedza kufadza vanhu asi Mwari, iye anoedza mwoyo
yedu. 5 Munozviziva kuti isu hatibati kumeso, uye hatina kuisa chifukidzo
chokufukidza kukarira pfuma, Mwari ndiye chapupu chedu. 6 Takanga
tisingatsvaki kurumbidzwa kunobva kuvanhu, kwete kunobva kwamuri
kana ani zvake.

Savapostori vaKristu tingadai takava mutoro kwamuri, 7 asi takanga tiri
vanyoro pakati penyu, samai vanochengeta vana vavo vaduku. 8 Taikudai
zvikuru zvokuti takafara kuti tigoverane nemi, kwete vhangeri raMwari
bedzi, asi noupenyu hweduwo, nokuti makanga madikanwa nesu kwazvo.
9 Zvirokwazvo munorangarira, hama, kutambudzika kwedu nokuomerwa

kwedu; takashanda usiku namasikati kuti tirege kuremedza munhu upi
zvake patakanga tichiparidza vhangeri raMwari kwamuri.
10 Imi muri zvapupu, uye naMwariwo, kuti takanga tiri vatsvene sei,
vakarurama uye vasina chavangapomerwa pakati penyu imi vanotenda.
11 Nokuti munoziva kuti takabata mumwe nomumwe wenyu sababa
vanobata vana vavo, 12 tichikukurudzirai tichikunyaradzai uye tichikuku-
rudzirai kuti murarame zvakafanira kuna Mwari, iye anokudanai ku-
umambo hwake nokukubwinya kwake.
13 Nesuwo tinotenda Mwari nguva dzose, nokuti pamakagamuchira
shoko raMwari, ramakanzwa kwatiri, makarigamuchira, kwete seshoko
ravanhu, asi sezvariri, iro shoko raMwari, riri kubata mamuri imi
vanotenda. 14 Nokuti imi, hama, makava vateveri vekereke dzaMwari dziri
muJudhea, dziri muna Kristu Jesu: Makatambudzwa navanhu vomunyika
menyu, saizvozvo kereke idzodzo dzakatambudzwawo navaJudha, 15 ivo
vakauraya Ishe Jesu uye navaprofita uye vakatidzinga nesuwo. Havana
kufadza Mwari uye vanorwa navanhu vose 16 mukushinga kwavo ku-
tidzivisa kuti titaure kuvahedheni kuti vaponeswe. Nenzira iyi vanoramba
vachiunganidza zvivi zvavo kusvikira kumagumo. Kutsamwa kwaMwari
kwazosvika pamusoro pavo pakupedzisira.

### *Chishuvo chaPauro kuti aone vaTesaronika*

17 Asi, hama, patakanga taparadzaniswa nemi kwechinguva chiduku
(pakuonekwa, kwete mupfungwa), mukushuva kwedu kukuru takaedza
chose kukuonai. 18 Nokuti takanga tichida kuuya kwamuri, chok-
wadi, ini Pauro, ndakada kuita izvozvo, nguva nenguva, asi Satani
akatidzivisa. 19 Nokuti tariro yedu ndeipiko, mufaro wedu kana korona
yatichazvirumbidza nayo pamberi paIshe wedu Jesu paanouya? Ko,
hamusimi here? 20 Zvirokwazvo ndimi kubwinya kwedu nomufaro wedu.

## 3

1 Saka patakanga tisingagoni kuramba takatsunga, takafunga kuti zvaiva
nani kuti tisare toga paAtene. 2 Takatuma Timoti, anova ndiye hama
yedu nomushandi waMwari pamwe chete nesu pakuparadzira vhangeri
raKristu, kuti akusimbisei nokukukurudzirai mukutenda kwenyu, 3 kuti
parege kuva nomunhu anozungunutswa nemiedzo iyi. Munozviziva
chose kuti takanga takanangana nayo. 4 Chokwadi ndechokuti, pataiva
nemi, takaramba tichikuudzai kuti tichatambudzwa. Uye zvakabva zvaita
saizvozvo, sezvamunoziva kwazvo. 5 Nokuda kwaizvozvo, pandakanga
ndisisagoni kutsunga, ndakatuma shoko kuti ndizive nezvokutenda
kwenyu. Ndakatya kuti zvimwe muedzi angadaro akakuedzai uye kubata
kwedu kukava pasina.

### *Mashoko aTimoti anokurudzira*

6 Asi Timoti achangosvika kwatiri zvino achibva kwamuri uye akauya
namashoko akanaka ezvokutenda kwenyu norudo rwenyu. Akatiudza kuti
munogara muchifunga zvakanaka nezvedu uye kuti munoshuva kutiona,
sezvatinoshuva nesuwo kukuonai. 7 Naizvozvo, hama, mukusuwa kwedu
kwose uye nokutambudzwa kwedu, takakurudzirwa pamusoro penyu
nokuda kwokutenda kwenyu. 8 Nokuti zvino tiri vapenyu chose, sezvo
imi mumire nesimba muna She. 9 Tichavonga Mwari zvizere sei nokuda
kwenyu kuti tidzorere mufaro wose watinawo pamberi paMwari wedu

nokuda kwenyu? [10] Usiku namasikati tinonyengetera zvikuru kuti
tikuoneizve uye kuti tizadzise zvamusina pakutenda kwenyu.
[11] Zvino Mwari wedu, Baba pachavo naIshe wedu Jesu ngavati-
zarurire nzira kuti tiuye kwamuri. [12] Ishe ngaakurise rudo rwenyu
uye rupfachukire kuno mumwe nomumwe nokuvanhu vose, sezvinoita
rwedu kwamuri. [13] Ngaasimbise mwoyo yenyu kuitira kuti mushayiwe
chamunopomerwa uye muve vatsvene pamberi paMwari wedu naBaba
vedu, pakuuya kwaIshe wedu Jesu navatsvene vake vose.

# 4

### *Kuraramira Kufadza Mwari*

[1] Pakupedzisira, hama, takakurayirai kuti munofanira kurarama sei
kuitira kuti mugofadza Mwari, sezvamuri kurarama. Zvino tinokukumbi-
rai uye tinokukurudzirai muna She Jesu kuti murambe muchiita izvi uye
muchiwedzera. [2] Nokuti munoziva zvatakakurayirai nesimba raIshe Jesu.
[3] Kuda kwaMwari kuti muitwe vatsvene: [4] kuti murege upombwe;
kuti mumwe nomumwe wenyu adzidze kudzora muviri wake nenzira
tsvene uye inokudzwa, [5] asingaiti mukuchiva sezvinoitwa navahedheni,
vasingazivi Mwari; [6] uye kuti pane izvozvi parege kuva nomunhu
anotadzira hama yake kana kumutorera chinhu. Ishe acharanga vanhu
nokuda kwezvivi zvakadaro zvose, sezvatakakuudzai kare uye tikakuyam-
birai. [7] Nokuti Mwari haana kutidanira kutsvina, asi kuti tirarame upenyu
hutsvene. [8] Naizvozvo, uyo anoramba kurayira uku haasi kuramba munhu
asi Mwari, iye anokupai Mweya wake Mutsvene.
[9] Zvino kana rwuri rudo kuhama, hatitsvaki kukunyorerai, nokuti imi
pachenyu makadzidziswa naMwari kuti mudanane. [10] Uyezve, munoda
hama dzose muMasedhonia yose. Asi tinokukurudzirai, hama, kuti muite
izvozvo uye muchiwedzera.
[11] Shingairirai kuti mugare upenyu hworunyararo, muchibata basa
renyu namaoko enyu, sezvatakakuudzai, [12] kuitira kuti upenyu hwa-
mazuva ose huwane kukudzwa navari kunze uye kuitira kuti murege
kusendamira kuno mumwe munhu.

### *Kuuya kwaShe*

[13] Hama, hatidi kuti muve vasingazivi pamusoro paavo vavete, kana
kuchema savamwe vavo, vasina tariro. [14] Isu tinotenda kuti Jesu akafa uye
akamukazve, nokudaro isu tinotenda kuti Mwari achauyisa pamwe chete
naJesu avo vakavata maari. [15] Samashoko aShe pachake, tinokuudzai kuti
isu vachiri vapenyu, vachasara kusvikira pakuuya kwaShe, zvirokwazvo
hatizotangiri avo vakavata. [16] Nokuti Ishe pachake achaburuka achibva
kudenga, nokurayira kukuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira
kwehwamanda yaMwari, uye vakafa muna Kristu vachatanga kumuka.
[17] Shure kwaizvozvo, isu vachiri vapenyu uye vakasara, tichatorwa pamwe
chete navo mumakore kuti tisangane naShe mudenga. Nokudaro tichava
naShe nokusingaperi. [18] Naizvozvo kurudziranai namashoko aya.

# 5

[1] Zvino, hama, kana dziri nguva kana misi hatifaniri kuti tikunyorerei,
[2] nokuti imi munoziva kwazvo kuti zuva raShe richauya sembavha
usiku. [3] Vanhu pavanenge vachiti, "Rugare norunyararo," kuparadzwa

kuchasvika pamusoro pavo nokukurumidza, somukadzi ane mimba
worwadziwa, uye havangapunyuki.
4 Asi imi, hama, hamusi murima zvokuti zuva iri rikusvikirei sembavha.
5 Imi mose muri vanakomana vechiedza navanakomana vamasikati.
Hatizi vousiku kana verima. 6 Saka zvino, ngatiregei kuita savamwe
vavete, asi ngatisvinurei uye tive vanozvidzora. 7 Nokuti avo vanovata,
vanovata usiku, uye avo vanodhakwa, vanodhakwa usiku. 8 Asi sezvo
tiri vamasikati, ngatizvidzorei, takapfeka kutenda norudo sechidzitiro
chechipfuva, netariro yoruponeso senguwani. 9 Nokuti Mwari haana
kutisarudza kuti tive vokutsamwirwa asi kuti tigamuchire ruponeso
kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu. 10 Akatifira isu kuitira kuti,
kunyange takasvinura kana tivete, tigare pamwe chete naye. 11 Naizvozvo
kurudziranai uye muvakane, sezvamunoita zvino.

### *Kurayira Kwokupedzisira*

12 Zvino tinokukumbirai, hama, kuti muremekedze avo vanoshanda
nesimba pakati penyu, vari pamusoro penyu muna She uye vanokurayirai.
13 Muvakudze zvikuru murudo nokuda kwebasa ravo. Garai murunyararo
nomumwe nomumwe wenyu. 14 Uye tinokukurudzirai, hama, kuti
muyambire avo vano usimbe, mukurudzire vanotya, batsirai vasina
simba, muite mwoyo murefu kuvanhu vose. 15 Muve nechokwadi kuti
kurege kuva nomunhu anodzorera chakaipa nechakaipa, asi edzai kuva
nomwoyo munyoro kuno mumwe nomumwe wenyu uye nokuna vose.
16 Farai nguva dzose; 17 rambai muchinyengetera; 18 vongai pazvinhu
zvose, nokuti ndiko kuda kwaMwari kwamuri muna Kristu Jesu.
19 Musadzima moto woMweya; 20 musazvidza zviprofita. 21 Edzai zvinhu
zvose. Batirirai kune zvakanaka. 22 Regai zvakaipa zvose.
23 Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo
kwazvo. Mweya wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe
zvisina mhosva pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. 24 Iye anokudanai
akatendeka uye achazviita.

25 Hama, tinyengeterereiwo.

26 Kwazisai hama dzose nokutsvoda kutsvene.

27 Ndinokurayirai pamberi paIshe kuti tsamba iyi iverengerwe hama dzose.

28 Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu ngadzive nemi.

# 2 VATESARONIKA

1 Pauro, Sirasi naTimoti, kukereke yavaTesaronika muna Mwari Baba
vedu naIshe Jesu Kristu:

2 Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari ivo Baba nokuna Ishe wedu
Jesu Kristu.

*Kuvonga noKunyengetera*

3 Tinofanira kuramba tichivonga Mwari nguva dzose nokuda kwenyu,
hama, uye zvakanaka izvozvo, nokuti kutenda kwenyu kuri kukura
zvakanyanya, uye rudo rwamunarwo kuno mumwe nomumwe wenyu
rwuri kukura. 4 Naizvozvo, pakati pekereke dzaMwari tinozvirumbidza
pamusoro pokutsungirira kwenyu uye nokutenda kwenyu nomukutam-
budzika kwose nokuedzwa kwamunotsunga makuri.
5 Zvose izvi ndizvo zvinoratidza kuti kutonga kwaMwari kwakarurama,
uye nokuda kwaizvozvi muchanzi makafanirwa noumambo hwaMwari,
ihwo hwamunotamburira. 6 Mwari anoruramisira: Achatsiva nokutam-
budza avo vanokutambudzai, 7 uye agozorodza imi vari kutambudzika,
uye nesuwo. Izvi zvichaitika Ishe Jesu paacharatidzwa kubva kudenga mu-
murazvo womoto unopfuta ane vatumwa vake vane simba. 8 Acharanga
vaya vasingazivi Mwari uye vasingateereri vhangeri raIshe wedu Jesu.
9 Vacharangwa nokuparadzwa kusingaperi, uye vachapfigirwa kunze
pamberi paIshe, uye napaukuru hwesimba rake, 10 pazuva raanouya
kuzokudzwa muvanhu vake vatsvene uye sechishamiso pakati paavo vose
vakatenda. Izvi zvinosanganisira imi, nokuti makatenda uchapupu hwedu
kwamuri.
11 Nomurangariro uyu, isu tinoramba tichikunyengetererai, kuti Mwari
wedu ati makafanira kudana kwake, uye kuti nesimba rake azadzise
zvinangwa zvenyu zvose zvakanaka nebasa rose rakamutswa nokutenda
kwenyu. 12 Tinonyengeterera izvi kuitira kuti zita raIshe wedu Jesu
rikudzwe mamuri, uye imi maari, maererano nenyasha dzaMwari wedu
naIshe Jesu Kristu.

## 2

*Munhu woKutsauka*

1 Pamusoro pezvokuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu uye nokuungana
kwedu kwaari, tinokukumbirai, hama, 2 kuti murege kuzungunuswa
kana kuvhundutswa nechimwe chiprofita, chiziviso kana tsamba inonzi
yakabva kwatiri, ichiti zuva raShe ratosvika. 3 Musarega munhu upi zvake
achikunyengerai nenzira ipi zvayo, nokuti zuva iro harisviki kusvikira
kumukira kwaitika uye munhu wokutsauka aratidzwa, iye munhu aka-
tongerwa kuparadzwa. 4 Achapikisa uye achazvisimudzira pamusoro
pezvinhu zvinonzi Mwari kana zvinonamatwa, nokudaro anozvigadza
mutemberi yaMwari achizviita Mwari.
5 Hamurangariri here kuti pandaiva nemi ndaisikuudzai zvinhu izvi?
6 Uye iye zvino munoziva chinomudzivisa, kuti aratidzwe nenguva
yakafanira. 7 Nokuti chakavanzika chesimba rokutsauka chotoshanda
basa; asi uyo anomudzivisa zvino acharamba achiita izvozvo kusvikira

iye abviswa. [8] Uye ipapo munhu wokutsauka achazoratidzwa, uyo
achaparadzwa naIshe Jesu nokufema kwomuromo wake, achimuparadza
nokubwinya kwokuuya kwake. [9] Kuuya kwomunhu wokutsauka
kuchaitika sebasa raSatani kuchiratidza nemhando dzose dzezvishamiso
zvenhema, zviratidzo neminana, [10] uye nokuipa kwose kunonyengera
avo vanoparara. Vanoparara nokuti vakaramba kuda chokwadi uti
vagoponeswa. [11] Nokuda kwaizvozvi, Mwari anovatumira mweya une
simba wokunyengera kuti vatende nhema [12] uye kuti vose vagotongwa,
avo vasina kutenda chokwadi, asi vakafarira zvakaipa.

### *Mirai neSimba*

[13] Asi tinofanira kuvonga Mwari nguva dzose nokuda kwenyu, hama
dzinodiwa naIshe, nokuti kubva pakutanga Mwari akakusarudzai kuti
muponeswe nebasa rokuchenesa roMweya uye nokutenda chokwadi.
[14] Akakudanirai izvi nevhangeri redu, kuti mugovane mukubwinya
kwaIshe wedu Jesu Kristu. [15] Saka zvino, hama mirai nesimba uye
mubatirire kudzidziso dzatakakudzidzisai, neshoko romuromo kana net-
samba.

[16] Ishe wedu Jesu Kristu pachake uye Mwari Baba vedu, iye akatida
uye nenyasha dzake akatipa upenyu husingaperi, kurudziro netariro
yakanaka, [17] ngaakurudzire mwoyo yenyu uye akusimbisei mumabasa
nomumashoko ose akanaka.

## 3

### *Chikumbiro choMunyengetero*

[1] Pakupedzisira, hama, mutinyengetererewo kuti shoko raShe rikuru-
midze kuparadzirwa uye kuti rikudzwe, sezvazvakanga zvakaita kwa-
muri. [2] Uye munyengetere kuti tirwirwe kubva kune akaipa, nokuti
havasi vose vanotenda. [3] Asi Ishe akatendeka, uye achakusimbisai
nokukudzivirirai kubva kune akaipa. [4] Tinotenda muna She kuti muri
kuita uye mucharamba muchiita zvinhu zvatinokurayirai. [5] Mwari
ngaatungamirire mwoyo yenyu murudo rwaMwari uye nomukutsungirira
kwaKristu.

### *Yambiro pamusoro poUsimbe*

[6] Muzita raIshe Jesu Kristu, tinokurayirai hama, kuti mubve pahama
imwe neimwe inoita zvousimbe uye isingarararami maererano nedzidziso
yamakagamuchira kubva kwatiri. [7] Nokuti imi pachenyu munoziva
kuti munofanira kutevera sei muenzaniso wedu. Takanga tisiri simbe
patakanga tinemi, [8] uye hatina kudya chokudya chomunhu tisingaripi. Asi,
takashanda usiku namasikati, tichishanda zvikuru uye tichitambudzika
kuitira kuti tirege kuva mutoro kwamuri. [9] Takaita izvi, kwete nokuda
kwokuti hatina kodzero yokuti tibatsirwe pakadaro, asi kuitira kuti tive
muenzaniso kwamuri wokuti mutevere. [10] Nokuti kunyange pataiva nemi,
takakupai murayiro uyu wokuti: “Kana munhu asingashandi, ngaarege
kudya.”

[11] Tinonzwa kuti vamwe pakati penyu vane usimbe. Havashandi;
havaregi zvavamwe. [12] Vanhu vakadaro tinovarayira uye tinovakurudzira
muna Ishe Jesu Kristu kuti vashande chinyararire vagodya chingwa cha-
vanoshandira. [13] Uye kana murimi, hama, musaneta pakuita zvakanaka.

14 Kana pano munhu asingateereri kurayira kwedu mutsamba iyi,
mumungwarire. Musafambidzana naye, kuitira kuti anyare. 15 Asi
musamutora somuvengi, asi mumuyambire sehama.

*Mashoko Okupedzisira*

16 Zvino Ishe worugare ngaakupei rugare nguva dzose nomunzira dzose.

17 Ini Pauro, ndanyora kwaziso iyi noruoko rwangu, chinova ndicho chiratidzo mutsamba dzangu dzose.

18 Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu ngadzive nemi mose.

# 1 TIMOTI

[1] Pauro, mupostori waKristu Jesu nokurayira kwaMwari Muponesi
wedu, naKristu Jesu, tariro yedu, [2] kuna Timoti mwanakomana wangu
chaiye pakutenda:

Nyasha, ngoni norugare zvinobva kuna Mwari Baba naKristu Jesu Ishe
wedu.

### *Yambiro pamusoro paVadzidzisi voMurayiro Venhema*

[3] Sezvandakakumbira zvikuru kwauri pandakaenda kuMasedhonia,
gara paEfeso kuitira kuti ugorayira vamwe varume kuti varege kudzidzisa
dzidziso dzenhema, [4] kana kuzvipira kungano nokunhoroondo dzamazita
amadzitateguru dzisingaperi. Izvi zvinongomutsa nharo panzvimbo
yebasa raMwari rinoitwa nokutenda. [5] Chinovavarirwa nomurayiro uyu
ndirwo rudo runobva pamwoyo wakachena, hana yakanaka nokutenda
kwechokwadi. [6] Vamwe vakarasika kubva pazvinhu izvi uye vakatsaukira
mukutaura kusina maturo. [7] Vanoda kuva vadzidzisi vomurayiro, asi
havazivi zvavari kutaura pamusoro pazvo kana izvo zvavari kushingira
kusimbisa.
[8] Tinoziva kuti murayiro wakanaka kana munhu achiushandisa
zvakanaka. [9] Tinozivawo kuti murayiro hauna kuitirwa vakarurama asi
vanodarika murayiro navanomukira, vasina umwari navatadzi, vasiri
vatsvene navasina chinamato; vaya vanouraya vanababa vavo kana
vanamai vavo, vanouraya vanhu, [10] mhombwe navanopomba navamwe
varume, navanotengesa vanhu kuti vave varanda, varevi venhema, na-
vanopika nhema, uye kana chimwe chipi zvacho chinopesana nedzidziso
yechokwadi [11] inosimbisa vhangeri rokubwinya, raMwari akaropafadzwa,
iro raakapa kwandiri.

### *Nyasha dzaIshe kuna Pauro*

[12] Ndinovonga Kristu Jesu Ishe wedu, akandipa simba, akati ndakaten-
deka, akandiisa pabasa rake. [13] Kunyange zvazvo ndaimbomhura Mwari
ndiri mutambudzi nomunhu wokumanikidza, ndakaitirwa ngoni nokuti
ndakazviita mukusaziva uye nomukusatenda. [14] Nyasha zhinji dzaIshe
wedu dzakadururwa pamusoro pangu, pamwe chete nokutenda norudo
zviri muna Kristu Jesu.
[15] Herino shoko rezvokwadi rinofanira kutendwa kwazvo: Kristu Jesu
akauya munyika kuti aponese vatadzi, ini ndiri mukuru wavo. [16] Asi
nokuda kwechikonzero ichochi ndakaitirwa ngoni kuitira kuti mandiri ini
mutadzi mukuru, Kristu Jesu aratidze mwoyo murefu wake usingaperi
kuti ndive muenzaniso kuna avo vachatenda kwaari uye vagowana
upenyu husingaperi. [17] Zvino iye Ishe asingaperi, asingafi, asingaonekwi,
iye Mwari oga, ngaave nokukudzwa nokubwinya nokusingaperi-peri.
[18] Timoti, mwanakomana wangu, ndinokupa murayiro uyu maererano
nezvakaprofitwa kare pamusoro pako, kuti kana ukautevera ucharwa
kurwa kwakanaka, [19] wakabata kutenda uye nehana yakanaka. Vamwe
vakaramba mirayiro iyi vakarasikirwa nokutenda kwavo. [20] Vamwe vavo

ndiHimenio naArekizanda, avo vandakaisa kuna Satani kuti vadzidziswe
kuti varege kumhura Mwari.

## 2

*Dzidziso pamusoro poKunamata*

1 Naizvozvo, pakutanga kwezvose, ndinokurayirai kuti vanhu
vose vakumbirirwe, vanyengetererwe, varevererwe, vavongerwe,
2 madzimambo navose vari kutonga, kuti tigare norugare uye norunyararo
pakurarama muumwari hwose nomuutsvene. 3 Izvi zvakanaka uye
zvinofadza Mwari muponesi wedu. 4 Anoda kuti vanhu vose vaponeswe
uye kuti vazive chokwadi. 5 Nokuti kuna Mwari mumwe chete,
nomurevereri mumwe chete pakati paMwari navanhu, ndiye munhu
Kristu Jesu. 6 Uyo akazvipa sorudzikinuro kuvanhu vose, uchapupu
hwakapiwa panguva yakafanira. 7 Uye nokuda kwechikonzero ichi
ndakaitwa muparidzi nomupostori, ndinokuudzai chokwadi, handisi
kureva nhema, uye ndiri mudzidzisi wokutenda kwechokwadi kune
veDzimwe Ndudzi.

8 Ndinoda kuti varume kwose kwose vasimudze maoko matsvene
pakunyengetera, vasina kutsamwa kana nharo.

9 Ndinodawo kuti vakadzi vapfeke zvakafanira, zvakanaka zvino kuzvid-
zora, kwete nebvudzi rakarukwa kana negoridhe kana namaperera kana
nguo dzemari zhinji, 10 asi ngavave namabasa akanaka, sezvakafanira
vakadzi vanoti vanonamata Mwari.

11 Mukadzi ngaadzidze akanyarara uye nokuzviisa pasi kwose.
12 Handitenderi kuti mukadzi adzidzise kana kuti ave nesimba pamusoro
pomurume; anofanira kunyarara. 13 Nokuti Adhamu ndiye akatanga
kuumbwa, tevere Evha. 14 Uye Adhamu haasi iye akanyengerwa; mukadzi
ndiye akanyengerwa akava mutadzi. 15 Asi vakadzi vachaponeswa
nokubereka vana kana vachirambira mukutenda, murudo noutsvene, uye
nokuzvidzora.

## 3

*Vatariri naVadhikoni*

1 Herino shoko rechokwadi: kana munhu achitsvaka basa romutariri,
anoda basa rinokudzika. 2 Zvino mutariri anofanira kuva munhu
asina chaangapomerwa, murume womukadzi mumwe chete, anozvidzora,
anokudzwa, anoitira vaeni rudo, anoziva kudzidzisa, 3 asingadhakwi,
asingarwi uye ano unyoro, asina gakava, asingakariri mari. 4 Anofanira
kubata imba yake zvakanaka nokuona kuti vana vake vanomuteerera
uye vachimukudza zvakanaka. 5 (Kana munhu asingazivi kubata imba
yake zvakanaka, angachengeta seiko kereke yaMwari?) 6 Asava mutendi
mutsva, nokuti angazozvikudza akazotongwa zvimwe chetezvo sadhiab-
hori. 7 Anofanirawo kupupurirwa zvakanaka navari kunze, kuitira kuti
arege kuzvidzwa, uye agowira mumusungo wadhiabhori.

8 Saizvozvowo, madhikoni ngavave vanhu vanokudzwa, vanorevesa,
vasinganwi waini zhinji, uye vasingatsvaki pfuma yakaipa. 9 Vanofanira
kuchengetedza zvakadzikadzika zvokutenda nehana yakanaka.
10 Vanofanira kutanga vaedzwa, uye kana pasina chavangapomerwa,
ngavashumire samadhikoni.

11 Nenzira imwe cheteyo, vakadzi vavo ngavave vanokudzwa, vasin-
gacheri vamwe asi vanozvidzora, vakatendeka pazvinhu zvose.

12 Mudhikoni anofanira kuva murume ano mukadzi mumwe chete uye
anofanira kugona kubata vana vake nemba yake zvakanaka. 13 Vaya
vakashumira zvakanaka vanozviwanira zita rakanaka uye nokusimbiswa
kukuru pakutenda kwavo muna Kristu Jesu.

14 Kunyange zvazvo ndine tariro yokuuya kwauri nokukurumidza,
ndinokunyorera dzidziso idzi kuitira kuti, 15 kana ndikanonoka, uchaziva
kuti vanhu vanofanira kuzvibata sei mumba maMwari, inova kereke
yaMwari mupenyu, mbiru nenheyo yechokwadi. 16 Pasina kana mub-
vunzo, chakavanzika choumwari chikuru kwazvo:

Iye akaratidzwa panyama,
    akaruramiswa noMweya,
akaonekwa navatumwa,
    akaparidzwa pakati pendudzi
panyika vakatenda kwaari,
    akakwidzwa mukubwinya.

# 4

*Kurayirwa kwaTimoti*

1 Mweya anotaura pachena kuti panguva dzinouya vamwe vachatsauka
kubva pakutenda vagotevera mweya inonyengera nedzidziso dzamadhi-
moni. 2 Dzidziso dzakadai dzinouya navaya vanoreva nhema, vane hana
dzakapiswa sokunge nesimbi inopisa. 3 Vanodzivisa vanhu kuwanana
uye vachivarayira kuti varege kudya zvimwe zvokudya, izvo zvakasikwa
naMwari kuti zvigamuchirwe nokuvonga naavo vanotenda uye vanoziva
chokwadi. 4 Nokuti chose chakasikwa naMwari chakanaka, uye hapana
chinofanira kuraswa kana chichigamuchirwa nokuvonga, 5 nokuti chi-
noitwa chitsvene neshoko raMwari nokunyengetera.

6 Kana ukadzidzisa hama zvinhu izvi, uchava mushumiri akanaka
waKristu Jesu, akarerwa muzvokwadi yokutenda uye nedzidziso
yakanaka yawakatevera. 7 Siyana nengano dzisina umwari uye nengano
dzechembere; asi uzvirovedzere paumwari. 8 Nokuti kurovedza muviri
kunobatsira zvishoma hako asi umwari hunokosha pazvinhu zvose, hune
vimbiso kune zvose muupenyu huno uye nomuupenyu hunouya.

9 Iri ishoko rechokwadi rinofanira kutendwa zvizere 10 uye nokuda
kwaizvozvi tinoshingaira nokurwa, nokuti takaisa tariro yedu muna
Mwari mupenyu, anova ndiye muponesi wavanhu vose uye zvikuru sei
vaya vanotenda.

11 Rayira uye udzidzise zvinhu izvi. 12 Ngakurege kuva nomunhu
anokuzvidza nokuda kwouduku hwako, asi uve muenzaniso kuvatendi
mukutaura, muupenyu, murudo, mukutenda uye napakuchena kwom-
woyo. 13 Kusvikira ndauya, shingaira pakuverenga Rugwaro kukereke,
kuparidza nokudzidzisa. 14 Usarega kushandisa chipo chako, chakapiwa
kwauri kubudikidza neshoko rechiprofita pawakaiswa maoko pamusoro
navakuru.

15 Shingaira pazvinhu izvi, uzviite nomwoyo wako wose, kuitira kuti
munhu wose aone kupfuurira mberi kwako. 16 Uzvichengete kwazvo
iwe nedzidziso yako. Utsungirire pazviri, nokuti kana ukazviita, uc-
hazviponesa iwe navanokunzwa.

# 5

*Rayiro pamusoro peChirikadzi, Vakuru naVaranda*

1 Usatsiura murume mukuru nehasha, asi utaure naye sounotaura
nababa vako. Vaduku uvabate savanun'una vako. 2 Vakadzi vakuru sa-
vanamai, uye vakadzi vaduku sehanzvadzi, nokuchena kwose kwomwoyo.

3 Ipa rukudzo rwakafanira kuchirikadzi dziri chirikadzi chaidzo. 4 Asi
kana chirikadzi ina vana kana vazukuru, ava ngavatange ivo kudzidza
kurarama chinamato chavo kumhuri dzavo uye vadzosere zvakafanira
kuvabereki vavo uye navakwegura, nokuti izvi zvinofadza Mwari.
5 Chirikadzi iri chirikadzi chaiyo uye yakasara ichingova yoga inoisa tariro
yayo kuna Mwari uye inogara ichinyengetera nokukumbira kuna Mwari
usiku namasikati. 6 Asi chirikadzi inoraramira kuzvifadza yakafa ichiri
mhenyu. 7 Rayirawo vanhu zvinhu izvi, kuitira kuti kurege kuva nomunhu
angapomerwa. 8 Kana munhu asingachengeti hama dzake, uye zvikuru sei
veimba yake, arasa kutenda, uye akaipa kukunda asingatendi.

9 Hakuna chirikadzi inganyorwa pamazita echirikadzi kana isina
makore anopfuura makumi matanhatu, yakanga yakatendeka kumurume
wayo, 10 uye ichinyatsozivikanwa pamabasa ayo akanaka, akafanana
nokurera vana, nokubata vaeni zvakanaka, kushambidza tsoka dza-
vatsvene, kubatsira vaya vari mumatambudziko, uye yakazvipira kuita
pamabasa ose akanaka.

11 Asi kana dziri chirikadzi duku usadzinyora pamazita aya. Nokuti kana
nyama yadzo yakunda kuzvipira kwadzo kuna Kristu, dzichazotsvaka
kuwanikwa. 12 Naizvozvo dzichazvivigira kutongwa, nokuti dzinenge
dzaputsa kutenda kwadzo kwokutanga. 13 Pamusoro pezvo, dzinoita tsika
dzokuva nousimbe uye dzichipota nedzimba. Uye hadzizi simbe bedzi, asi
vaitiwo vamakuhwa, uye vasina basa ravanoita, vachitaura zvisakafanira.
14 Naizvozvo ndinoti kuchirikadzi duku ngadziwanikwe, kuti dzibereke
vana, dzichengete dzimba dzadzo uye kuti dzisapa muvengi mukana
wokupomera nawo. 15 Vamwe vakatotsauka kare vachitevera Satani.

16 Kana mukadzi upi zvake mutendi aine chirikadzi mumhuri yake,
anofanira kudzibatsira uye arege kuita kuti kereke iremedzwe nadzo,
kuitira kuti kereke igone kubatsira chirikadzi dziri kushayiwa zvechok-
wadi.

17 Vakuru vanobata kereke zvakanaka vakafanira kukudzwa
zvakapetwa kaviri, zvikuru sei vaya vanoita basa rokuparidza
nokudzidzisa. 18 Nokuti Rugwaro runoti, "Usasunga muromo wenzombe
kana ichipura zviyo," uye "Mushandi akafanirwa nomubayiro wake."
19 Usagamuchira mhaka inopomerwa mukuru kunze kwokunge yauyiswa
nezvapupu zviviri kana zvitatu. 20 Avo vanotadza vanofanira kutsiurwa
pamberi pavanhu, kuitira kuti vamwe vagoyambirwa.

21 Ndinokurayira, pamberi paMwari naKristu Jesu uye napamberi
pavatumwa vakasanangurwa, kuti uchengete mirayiro iyi zvakanaka, uye
usingaiti uchitsaura vanhu.

22 Usakurumidza kuisa maoko pamusoro pomunhu, uye usabatana
nezvivi zvavamwe. Zvichengete kuti uve wakachena.

23 Rega kunwa mvura yoga, uye unwe waini shoma nokuda kwom-
udumbu mako uye nokurwara-rwara kwako.

24 Zvivi zvavamwe vanhu zvinoonekwa pachena, zvichivatangira
kusvika panzvimbo yokutongwa; zvivi zvavamwe zvinotevera mushure

mavo. [25] Nenzira imwe cheteyo, mabasa akanaka anoonekwawo pachena,
uye kunyange naasina kudaro haangavanziki.

# 6

[1] Vose varanda vari pasi pejoko rouranda vanofanira kukudza
vatenzi vavo zvizere, kuitira kuti zita raMwari nedzidziso yedu zvirege
kumhurwa. [2] Avo vana vatenzi vanotenda ngavarege kuvazvidza nokuda
kwokuti ihama. Asi kutoti vanofanira kuvashumira zviri nani, nokuti vaya
vanobatsirwa nebasa ravo vatendi, uye vadikanwi kwavari. Izvi ndizvo
zvinhu zvaunofanira kuvadzidzisa uye nokuvarayira.

### *Kuda mari*

[3] Kana munhu achidzidzisa dzidziso dzenhema uye asingabvumi
dzidziso yakanaka yaIshe wedu Jesu Kristu uye nedzidziso youmwari,
[4] anongozvikudza uye haazivi chinhu. Anongofarira nharo nokukakavara
pamusoro pamashoko asingabatsiri, anongomutsa godo, gakava, kutukana
nokufungirana zvakaipa, [5] uye nokupesana kusingaperi pakati pavanhu
vane murangariro wakaora, vakabirwa zvokwadi uye vanofunga kuti
umwari inzira yokuwana nayo mari.
[6] Asi umwari nokugutsikana nezvatinazvo zvinopfumisa kwazvo.
[7] Nokuti hatina kuuya nechinhu panyika, uye hatigoniwo kubuda nech-
inhu kubva mairi. [8] Asi kana tine zvokudya nezvokupfeka, tichagut-
sikana nazvo. [9] Vanhu vanotsvaka kupfuma vanowira mukuedzwa
nomumusungo uye nomukuchiva kwoupenzi kuzhinji kunokuvadza uye
kunoisa vanhu mukuparadzwa nokuraswa. [10] Nokuti kuda mari ndiwo
mudzi wezvakaipa zvose. Vamwe vanhu vanoda mari zvikuru, vakatsauka
kubva pakutenda uye vakazvibaya neshungu zhinji.

### *Pauro anorayira Timoti*

[11] Asi iwe, munhu waMwari, tiza kubva pane izvi zvose, uye
utevere kururama, umwari, kutenda, rudo, kutsungirira nounyoro.
[12] Irwa kurwa kwakanaka kwokutenda. Ubatisise upenyu husingaperi
hwawakadanirwa kwahuri pawakapupura kupupura kwakanaka pamberi
pezvapupu zvizhinji. [13] Ndinokurayira, pamberi paMwari, anopa upenyu
kuzvinhu zvose, napamberi paKristu Jesu akapupura zvakanaka paakapa
uchapupu pamberi paPondio Pirato, [14] kuti uchengete murayiro uyu,
usina chinongo kana chaungapomerwa kusvikira pakuonekwa kwaIshe
wedu Jesu Kristu, [15] uyo achazoratidzwa naMwari panguva yake iye
Mwari, iye oga Mutongi akaropafadzwa, Mambo wamadzimambo naIshe
wamadzishe. [16] Iye oga ndiye asingafi uye agere pachiedza chisina an-
gaswedera pachiri, uyo asina akambomuona kana angamuona. Kukudzwa
nesimba ngazvive kwaari nokusingaperi. Ameni.
[17] Rayira vapfumi panyika ino kuti varege kuzvikudza kana kuisa tariro
yavo mupfuma, isingagari, asi kuti vaise tariro yavo kuna Mwari, anotipa
zvose zvizhinji kuti tifare nazvo. [18] Varayire kuti vaite zvakanaka, uye kuti
vafarire kupa vamwe uye nokugoverana. [19] Vachazviunganidzira pfuma
senheyo yakasimba kunguva dzinouya, kuti vagobatisisa upenyu hunova
upenyu kwechokwadi.
[20] Timoti, chengeta icho chawakapiwa. Furatira zvokutaura mashoko
asina umwari nepfungwa dzinopikisa, dzezvinonzi pakutaura kwenhema
zivo, [21] idzo dzakapupurwa navamwe uye nokudaro vakatsauka kubva
pakutenda.

Nyasha ngadzive newe.

# 2 TIMOTI

1 Pauro, mupostori waKristu Jesu nokuda kwaMwari, maererano
nechipikirwa choupenyu huri muna Kristu Jesu, 2 kuna Timoti mwanako-
mana wangu anodikanwa:

Nyasha, ngoni norugare zvinobva kuna Mwari Baba naKristu Jesu, Ishe
wedu ngazvive newe.

*Anokurudzirwa kuti ave akatendeka*

3 Ndinovonga Mwari, wandinoshumira sezvakaitwa namadzitateguru
angu, nehana yakachena, sezvo ndichikurangarira muminyengetero
yangu usiku namasikati. 4 Ndichirangarira misodzi yako, ndinoshuva
kukuona, kuti ndigozadzwa nomufaro. 5 Ndinoyeuchidzwa kutenda
kwako kusinganyengeri, kwakanga kuri muna mbuya vako Roisi uye
nomuna mai vako Yunisi pakutanga, uye zvino ndinoziva kuti kunogarawo
mauri. 6 Nokudaro ndinokuyeuchidza kuti ukuchidzire chipo chaMwari
chiri mauri nokuiswa kwamaoko angu pamusoro wako. 7 Nokuti
Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi mweya wesimba, neworudo
newokuzvidzora.
8 Saka usanyadziswa nokupupura Ishe wedu, kana kunyadziswa neni
musungwa wake. Asi utambudzike pamwe chete neni nokuda kw-
evhangeri, nesimba raMwari, 9 akatiponesa uye akatidanira kuupenyu
hutsvene, kwete nokuda kwechinhu chatakaita asi kuti nokuda kwake
iye, uye nenyasha. Nyasha idzi takadzipiwa muna Kristu Jesu nguva
dzisati dzavapo, 10 asi zvino dzakaratidzwa nokuonekwa kwoMuponesi
wedu Kristu Jesu, akaparadza rufu uye akabudisa pachena upenyu
nokusafa kubudikidza nevhangeri. 11 Uye ndakaitwa muparidzi, mu-
postori nomudzidzisi wevhangeri iri. 12 Ndokusaka ndichitambudzika
sezvandiri kuita. Asi handinyadziswi, nokuti ndinoziva wandakatenda,
uye ndinoziva kwazvo kuti anogona kuchengeta chandakamupa kusvikira
zuva iroro.
13 Zvawakanzwa kubva kwandiri, zvichengete sedzidziso yechokwadi,
nokutenda norudo muna Kristu Jesu. 14 Chengetedza chakanaka chiri
mauri chawakapiwa, chichengetedze uchibatsirwa naMweya Mutsvene
anogara matiri.
15 Unoziva kuti vose vari mudunhu reEzhia vakandisiya, kusanganisir-
awo naFigerasi naHerimogenesi.
16 Ishe ngaaitire imba yaOnesiferasi ngoni, nokuti kazhinji anondisim-
bisa uye haana kunyadziswa nengetani dzangu. 17 Asi kutoti, paakanga ari
muRoma, akanditsvaga kwazvo kusvikira andiwana. 18 Ishe ngaamuitire
chinhu ichi kuti awane ngoni kubva kuna Ishe pazuva iro! Iwe unoziva
kwazvo kuti akandibatsira zvikuru sei muEfeso.

## 2

1 Zvino iwe mwanakomana wangu, iva nesimba munyasha dziri muna
Kristu Jesu. 2 Uye zvinhu zvawakanzwa ndichitaura pamberi pezvapupu
zvizhinji zvipe kuvanhu vakatendeka avo vachazozvidzidzisawo vamwe.
3 Tsungirira pamwe chete nesu somurwi akanaka waKristu Jesu. 4 Hakuna

munhu anoshanda somurwi anozviisa pazvinhu zvoupenyu hwavasiri
varwi, nokuti anoda kufadza mukuru wake wehondo. 5 Zvimwe chetezvo,
kana munhu achikwikwidza somumhanyi, haagoni kuwana korona
yokukunda kunze kwokunge apedza nhangemutange sezvakarayirwa.
6 Murimi anoshanda nesimba ndiye anofanira kutanga kudya zvibereko.
7 Funga pamusoro pezvandinoreva, nokuti Ishe achakupa kunzwisisa pane
izvi zvose.

8 Rangarirai Jesu Kristu, akamuka kubva kuvakafa, worudzi rwaD-
havhidhi. Iri ndiro vhangeri rangu, 9 randinotambudzikira kunyange
kusvikira pakusungwa segororo. Asi shoko raMwari harina kusungwa.
10 Naizvozvo ndinotsungirira pazvinhu zvose nokuda kwavasanangurwa,
kuti naivowo vawane ruponeso rwuri muna Kristu Jesu, nokubwinya
kusingaperi.

11 Herino shoko rechokwadi:
Kana takafa pamwe chete naye,
ticharараmawo pamwe chete naye;
12 kana tikatsungirira,
tichabata ushe pamwe chete naye.
Kana tikamuramba,
iye achatirambawo;
13 kana tikasava nokutenda,
iye anoramba akatendeka,
nokuti haangazvirambi.

### *Mushandi anogamuchirwa naMwari*

14 Ramba uchivayeuchidza zvinhu izvi. Uvayambire pamberi paMwari
kuti varege kuita nharo pamusoro pamashoko; hazvina maturo, zvi-
nongoparadza chete vaya vanoteerera. 15 Shingaira kuti uzviratidze
pamberi paMwari, somunhu anogamuchirwa, mushandi asingafaniri
kunyadziswa uye anonyatsoruramisa shoko rechokwadi. 16 Nzvenga
kutaura kusinei naMwari, nokuti vaya vanhu vanodaro vacharamba
vachirasikirwa noumwari. 17 Dzidziso yavo ichanyenga seronda. Pakati
pavo pana Himenayasi naFiretasi, 18 vakatsauka kubva pazvokwadi.
Vanoti kumuka kwavakafa kwakatopfuura, uye vanoparadza kutenda
kwavamwe. 19 Kunyange zvakadaro, nheyo dzakasimba dzaMwari
dzinomira, dzine chisimbiso ichi chinoti: “Ishe anoziva vanhu vake,” uye,
“Ani naani anopupura zita raShe anofanira kubva pane zvakaipa.”

20 Muimba huru mune midziyo kwete yegoridhe kana yesirivha chete,
asiwo yamatanda, neyevhu; mimwe inokudzwa, mimwe isingakudzwi.
21 Kana munhu achizvinatsa kwazvo pazvinhu izvi, achava mudziyo
unokudzwa, wakaitwa mutsvene, wakawanirwa basa naTenzi uye wak-
agadzirirwa basa rose rakanaka.

22 Tiza kuchiva kwose kwoujaya, uye utevere kururama, kutenda, rudo
norugare navose vanodana kuna Ishe nomwoyo wakachena. 23 Usava
nechokuita nemibvunzo youpenzi isina maturo, nokuti unoziva kuti in-
ongomutsa kukakavara. 24 Zvino muranda waIshe haafaniri kukakavara;
asi anofanira kuva munyoro kumunhu wose, achigona kudzidzisa, asin-
gatsamwi. 25 Vaya vanomupikisa anofanira kuvadzidzisa nounyoro, aine
tariro yokuti Mwari achavapa kutendeuka vagoziva chokwadi, 26 uye kuti
vachapengenuka vagopunyuka kubva mumusungo wadhiabhori, akavaita
nhapwa kuti vaite kuda kwake.

## 3

*Kushaya Umwari paMazuva Okupedzisira*

[1] Asi uzive chinhu ichi: Kuchava nenguva dzokutambudzika pa-
mazuva okupedzisira. [2] Vanhu vachava vanozvida, vanoda mari,
vanozvirumbidza, vanozvikudza, vanotuka, vasingateereri vabereki,
vasingatendi, vasina utsvene, [3] vasina rudo, vasingaregereri, vanochera
vamwe, vasingazvidzori, vane utsinye, vasingadi zvinhu zvakanaka,
[4] vanomukira, vanoita manyawi, vanonyengera, vanoda kuzvifadza
nezvenyika kupfuura Mwari; [5] vane mufananidzo bedzi wokunamata
Mwari asi vachiramba simba racho. Siyana navanhu ivavo.

[6] Nokuti ndivo vaya vanoverevedza vachipinda mudzimba vachitapa
vakadzi vasingazvibati vakaremedzwa nezvivi zvizhinji, [7] vanogara
vachidzidza asi vasingatongosviki pakuziva chokwadi. [8] Sezvakaita Janesi
naJambiresi vakadzivisa Mozisi, varume avawo vanodzivisa zvokwadi,
vanhu vane ndangariro dzakaora, kana pari pazvinhu zvokutenda,
vakarasika. [9] Asi havangasviki kure, nokuti upenzi hwavo huchaonekwa
navanhu vose.

*Pauro anorayira Timoti*

[10] Asi kunyange zvakadaro, iwe unoziva kudzidzisa kwangu kwose,
mararamiro angu, chinangwa changu, kutenda kwangu, mwoyo murefu
wangu, norudo, nokutsungirira, [11] matambudziko, nhamo, nezvinhu
zvose zvakaitika kwandiri muAndioki, Ikoniamu nomuRistra, nokutam-
budzwa kwose kwandakasangana nako. Asi Ishe akandinunura kubva
pazviri zvose. [12] Zvirokwazvo munhu wose anoda kurarama upenyu
hwoumwari muna Kristu Jesu achatambudzwa, [13] asi vanhu vakaipa
navanonyengera vachanyanyisa kuipa, vachinyengera nokunyengerwa.
[14] Asi iwe, rambira pazvinhu zvawakadzidza uye ukatenda mazviri, nokuti
unoziva kuti wakazvidzidza kubva kuna ani, [15] uye kuti kubva pauduku
wakaziva Magwaro matsvene, anogona kukupa uchenjeri hunosvitsa
kukuponeswa kubudikidza nokutenda muna Kristu Jesu. [16] Rugwaro
rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira,
kutsiura nokurayiridza mukururama, [17] kuti munhu waMwari akwaniswe
kwazvo, agadzirirwa mabasa ose akanaka.

## 4

[1] Ndinokurayira pamberi paMwari naKristu Jesu, achatonga vapenyu
navakafa uye pamusoro pokuonekwa kwake noushe hwake kuti: [2] Paridza
shoko; ugare wakagadzirira panguva yakafanira kunyange isakafanira;
rayira, tsiura, uye ukurudzire nomwoyo murefu zvikuru uye nokudzidzisa
zvakanaka. [3] Nokuti nguva ichasvika vanhu pavacharamba kuteer-
era dzidziso yakarurama. Asi vachida zvinovafadza ivo, vachazviun-
ganidzira vadzidzisi vazhinji kuti vadzidzise zvinodiwa nenzeve dzavo.
[4] Vachafuratidza nzeve dzavo kuchokwadi uye vachatsaukira kungano.
[5] Asi iwe, usvinure pazvinhu zvose, tsungirira pamatambudziko, uite basa
romuvhangeri, uite mabasa ose oushumiri hwako.

[6] Nokuti ini ndava kutodururwa sechipiriso chinonwiwa, uye nguva
yangu yokuenda yasvika. [7] Ndarwa kurwa kwakanaka, ndapedza
nhangemutange yangu, ndachengeta kutenda kwangu. [8] Zvino
ndakachengeterwa korona yangu yokururama, yandichapiwa, naIshe,

mutongi akarurama pazuva iro, uye kwete ini ndoga, asiwo nokuna vose
vanoshuva kuonekwa kwake.

### *Mashoko Okupedzisira*

9 Ita napaunogona napo pose kuti ukurumidze kuuya kwandiri, 10 nokuti
Dhemasi akada nyika yazvino, akandisiya akaenda kuTesaronika. Kire-
senzi akaenda kuGaratia, uye Tito akaenda kuDharimatia. 11 Ruka
oga ndiye aneni. Tora Mako uuye naye, nokuti anondibatsira kwazvo
paushumiri hwangu. 12 Ndakatuma Tikikasi kuEfeso. 13 Paunouya, uuye
nejasi randakasiya naKapasi paTiroasi, uye uuye nebhuku rangu, zvikuru
magwaro amatehwe.

14 Arekizanda, mupfuri wendarira, akandiitira zvakaipa zvizhinji. Ishe
achamutsiva pane zvaakaita. 15 Newewo umuchenjerere, nokuti akapikisa
zvikuru mashoko edu.

16 Pakuzvidavirira kwangu kwokutanga, hapana munhu akandibatsira,
asi vose vakandisiya. Ngavarege kupiwa mhosva nokuda kwaizvozvo.
17 Asi Ishe akamira neni uye akandipa simba, kuti kubudikidza neni shoko
riparidzwe zvakakwana uye kuti veDzimwe Ndudzi vose varinzwe. Uye
ndakarwirwa kubva pamuromo weshumba. 18 Ishe achandirwira kubva
pakurwiswa kwose kwakaipa uye achandiuyisa murugare kuumambo
hwake hwokudenga. Kubwinya ngakuve kwaari nokusingaperi-peri.
Ameni.

### *Kwaziso Dzokupedzisira*

19 Ndikwazisire Pirisira naAkwira neveimba yaOnesiferasi.

20 Erastasi akasara kuKorinde, uye ndakasiya Tirofimasi paMiretasi
achirwara. 21 Ita napaunogona napo pose kuti uuye kuno chando chisati
chasvika.

Yubhurasi anokukwazisa, uyewo naPudhenzi, Rino, Kiraudhiyo nehama
dzose.

22 Ishe ngaave nomweya wako. Nyasha ngadzive newe.

# TITO

1 Pauro, muranda waMwari nomupostori waJesu Kristu nokuda kwoku-
tenda kwavasanangurwa vaMwari nokuziva chokwadi chinotungamirira
kuumwari, 2 kutenda nokuziva kunobva patariro youpenyu husingaperi,
hwakapikirwa naMwari, iye asingatongonyepi, akavimbisa idzo nguva
dzisati dzavapo, 3 panguva yake yakatarwa akazivisa shoko rake noku-
paridza kwandakapiwa nokurayira kwaMwari Muponesi wedu, 4 kuna
Tito, mwanakomana wangu chaiye pakutenda kwedu tose:

Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba naKristu Jesu Muponesi
wedu.

*Basa raTito paKirete*

5 Ndakakusiya paKirete kuti upedzise zvakasara zvisina kupera uye kuti
ugadze vakuru mumaguta ose, sezvandakakurayira. 6 Mukuru anofanira
kuva munhu asina chaangapomerwa, murume womukadzi mumwe chete,
munhu ane vana vanotenda uye vasingapiwi mhosva yokuti havazvidzori
kana kuti havateereri. 7 Sezvo mutariri akapiwa basa raMwari, anofanira
kuva munhu asina chaangapomerwa, asingakurumidzi kutsamwa, asin-
gadhakwi, asingarwi, asingafariri pfuma yakaipa. 8 Asi anoitira vaeni
rudo, munhu anoda zvakanaka, anozvidzora, akarurama, mutsvene uye
anozvibata. 9 Anofanira kubatisisa shoko rechokwadi sezvarakadzidziswa,
kuitira kuti agokurudzira vamwe nedzidziso yakarurama uye agodzivisa
vaya vanoipikisa.

10 Nokuti kune vazhinji vasingateereri vanongotaura zvisina maturo
uye vanyengeri, zvikuru sei vaya veboka rokudzingiswa. 11 Vanofanira
kunyaradzwa miromo yavo, nokuti vari kuparadza mhuri dzizere
vachidzidzisa zvinhu zvavasingafaniri kudzidzisa, uye vachizviita kuti
vawane pfuma yakaipa. 12 Kunyange mumwe wavaprofita wavo akati,
“VaKirete vanogara vachireva nhema, zvikara zvakaipa, simbe dzi-
nokara.” 13 Uchapupu uhu ndohwechokwadi. Naizvozvo vatsiure zvikuru,
kuti varurame pakutenda 14 uye kuti varege kuteerera ngano dzavaJudha,
kana kurayira kwavanhu vakaramba chokwadi. 15 Kune vakachena,
zvinhu zvose zvakachena, asi kuna avo vakaora uye vasingatendi, hakuna
chinhu chakachena. Asi kutoti zvose pfungwa dzavo nehana dzavo
zvakaora. 16 Vanoti vanoziva Mwari, asi vanomuramba namabasa
avo. Vanonyangadza, havateereri uye havana kufanirwa nokuita chinhu
chakanaka.

## 2

*Zvinofanira kudzidziswa Vatendi*

1 Unofanira kudzidzisa zviri maererano nedzidziso yakarurama.
2 Dzidzisa varume vakuru kuti vave vanozvibata, vakafanira kukudzwa,
vanozvidzora, uye vakarurama mukutenda, murudo nomukutsungirira.

3 Saizvozvowo, dzidzisa vakadzi vakuru kuti vave nomufambiro
wakafanira, vasingacheri, kana kuda waini zhinji, asi kuti vadzidzise
zvakanaka. 4 Uye kuti vadzidzise vakadzi vaduku kuti vade varume

vavo navana vavo, 5 kuti vave vanozvidzora uye vakachena, vanoshanda
kumba, vave vanyoro uye kuti vazviise pasi pavarume vavo, kuitira kuti
pashayikwe angazvidza shoko raMwari.

6 Zvimwe chetezvo, kurudzira majaya kuti azvidzore. 7 Pazvinhu zvose
iwe uvaratidze somuenzaniso nokuita zvakanaka. Pakudzidzisa kwako
udzidzise zvakakwana, uchirevesa 8 uye nokutaura kwakarurama kusin-
gagoni kushorwa, kuitira kuti vaya vanokupikisa vanyadziswe nokuti
havana chinhu chavangareva pamusoro pedu.

9 Udzidzise varanda kuti vazviise pasi pavanavatenzi vavo pazvinhu
zvose kuti vavafadze, varege kupindurana navo, 10 uye kuti varege
kuvabira, asi kuti varatidze kuti vakatendeka zvikuru kwazvo, kuitira kuti
vashongedze dzidziso yaMwari Muponesi wedu pazvinhu zvose.

11 Nokuti nyasha dzaMwari dzinouyisa ruponeso dzakaratidzwa ku-
vanhu vose. 12 Dzinotidzidzisa kuti tirambe zvinhu zvisina umwari
nokuchiva kwenyika, uye tirarame upenyu hwokuzvidzora, hwokururama
uye hwoumwari munguva ino, 13 takamirira tariro yakaropafadzwa,
kuonekwa kwokubwinya kwaMwari wedu mukuru noMuponesi, Jesu
Kristu, 14 akazvipa nokuda kwedu kuti atidzikinure kubva pakuipa kwose,
nokuzvinatsira vanhu vari vake chaivo, vanoshingaira kuita zvinhu
zvakanaka.

15 Zvino, izvi ndizvo zvinhu zvaunofanira kudzidzisa. Kurudzira uye
utsiure nesimba rose. Ngakurege kuva nomunhu anokuzvidza.

# 3

*Kuita zvinhu zvakanaka*

1 Uyeuchidze vanhu kuti vazviise pasi pavatongi navane simba, kuti vave
vanoteerera, kuti vave vanhu vakagadzirira kuita zvose zvakanaka, 2 kuti
varege kuchera vamwe, vagare murunyararo, vaitire vamwe zvakanaka,
uye kuti varatidze kuzvininipisa kwechokwadi kuvanhu vose.

3 Pane imwe nguva nesuwo takanga tiri mapenzi, tisingateereri,
takanyengerwa, takatapwa nokuchiva kwose uye nezvinofadza. Taigara
muruvengo negodo, tichivengwa nokuvengana. 4 Asi pakaratidzwa ngoni
norudo rwaMwari Muponesi wedu, 5 akatiponesa, kwete nokuda kwezv-
inhu zvakarurama zvatakaita, asi nokuda kwetsitsi dzake. Akatiponesa
kubudikidza nokuberekwa patsva nokuvandudzwa noMweya Mutsvene,
6 uyo waakadurura wakawanda kwazvo pamusoro pedu kubudikidza
naJesu Kristu Muponesi wedu, 7 kuitira kuti mushure mokunge taru-
ramisirwa nenyasha dzake, tive vadyi venhaka tine tariro youpenyu
husingaperi. 8 Iri ishoko rezvokwadi. Uye ndinoda kuti usimbise kwazvo
zvinhu izvi, kuitira kuti vaya vakatenda Mwari vachenjere kuti varambe
vachiita mabasa akanaka. Zvinhu izvi zvakanaka uye zvinobatsira munhu
wose.

9 Asi unzvenge mibvunzo youpenzi nenhoroondo dzamazita amadzitate-
guru, negakava nokukakavara pamusoro pomurayiro, nokuti izvi hazvina
maturo uye hazvibatsiri. 10 Yambira munhu anotsausa kokutanga uye
ugomuyambirazve kechipiri. Mushure mezvo usava nechokuita naye.
11 Uve nechokwadi chokuti munhu akadaro akatsauka uye mutadzi;
akazvirasa iye amene.

*Mashoko Okupedzisira*

12 Pandichatuma Atema kana Tikikasi kwauri, edza napaunogona
napo pose kuti uuye kwandiri paNikopori, nokuti ndichagarako panguva
yechando. 13 Ita zvose zvaungagona kuti ubatsire Zenasi mududziri
womurayiro naAporosi parwendo rwavo uye uite kuti varege kushayiwa
chinhu.

14 Vanhu vedu vanofanira kudzidza kuzvipira kuita zvakanaka, kuitira kuti vagone kutibatsira pazvinhu zvinodiwa mazuva ose uye kuti vasararama upenyu husina zvibereko.

15 Vose vari kwandiri vanokukwazisa.
Ukwazise vose vanotida mukutenda.

Nyasha ngadzive nemi mose.

# FIRIMONI

1 Pauro, musungwa waKristu Jesu, naTimoti hama yedu, kuna Firimoni
shamwari yedu inodikanwa uye nomushandi pamwe chete nesu, 2 kuna
Afia hanzvadzi yedu, kuna Akipo murwi pamwe chete nesu uye nokuk-
ereke inosangana mumba mako:

3 Nyasha ngadzive nemi norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu
naIshe Jesu Kristu.

### *Kuvonga noKunyengetera*

4 Ndinovonga Mwari wangu nguva dzose pandinokurangarira mu-
minyengetero yangu, 5 nokuti ndinonzwa nezvokutenda kwako muna
Ishe Jesu uye norudo rwako kuvatsvene vose. 6 Ndinokunyengeterera
kuti ugovane navamwe nesimba, kuitira kuti uve noruzivo rwakazara
pamusoro pezvinhu zvose zvakanaka zvatinazvo muna Kristu. 7 Rudo
rwako rwakandipa mufaro mukuru nokukurudzirwa, nokuti iwe, hama
yangu, wakazorodza mwoyo yavatsvene.

### *Pauro anoreverera Onesimasi*

8 Naizvozvo, kunyange zvazvo ndisingatyi, muna Kristu, kuti ndiku-
rayire zvaunofanira kuita, 9 asi ndinokukumbira nokuda kworudo. Saka
ini, saPauro mutana uye zvino musungwa waKristu Jesu 10 ndinokumbira
kwauri pamusoro pomwanakomana wangu Onesimasi, akava mwanako-
mana wangu pakusungwa kwangu. 11 Akanga asingabatsiri kwauri kare,
asi zvino ava kubatsira kwatiri tose iwe neni.

12 Ndiri kumudzosera kwauri, iye mwoyo wangu chaiwo. 13 Ndaida
kuti iye agare neni kuti agotora nzvimbo yako pakundibatsira zvandiri
muusungwa nokuda kweVhangeri. 14 Asi handina kuda kuita chinhu
iwe usina kuchitendera, kuitira kuti zvose zvakanaka zvauchaita zvirege
kuva zvokurovedzerwa asi nokuda kwako. 15 Nokuti zvimwe waka-
paradzaniswa naye kwechinguva kuti ugozova naye nokusingaperi,
16 asisiri somuranda, asi ava nani kupfuura muranda, sehama inodikanwa.
Munhu anodikanwa kwandiri, asi kutonyanya kwauri, zvose somunhu uye
sehama muna She.

17 Saka kana uchindiona somumwe wako, mugamuchire sokugamuchira
kwaungandiita. 18 Kana ane zvaakakutadzira kana kuti ane mungava
newe, uzvireve kwandiri. 19 Ini, Pauro, ndanyora izvi noruoko rwangu.
Ndichazviripira, ndisingarevi kuti iwe pachako uri mungava kwandiri.
20 Hama, ndinoshuva, kuti ndiwane rubatsiro kubva kwauri muna She;
zorodza mwoyo wangu muna Kristu. 21 Ndanyora kwauri ndichivimba
nokuteerera kwako, ndichiziva kuti uchaita kunyange kupfuura zvan-
dakukumbira.

22 Uye chimwe chinhuzve: Ndigadziririrewo pokugara, nokuti ndinotarira
kuti ndichapiwa kwamuri pakupindurwa kweminyengetero yenyu.

23 Epafurasi, musungwa pamwe chete neni muna Kristu Jesu, anokuk-
wazisai, 24 uyewo Mako, Aristakusi, Dhemasi, naRuka, vashandi pamwe
chete neni.

25 Nyasha dzaIshe Jesu Kristu ngadzive nomweya wako.

# VAHEBHERU

*Kristu mukuru kuVatumwa*

1 Kare, Mwari akataura kumadzitateguru edu kubudikidza navaprof-
ita panguva zhinji, uye nenzira dzakasiyana-siyana, 2 asi mumazuva
ano okupedzisira akataura kwatiri nomuMwanakomana wake, waakaita
mudyi wenhaka yezvinhu zvose, uye naiyewo waakaita naye nyika.
3 Mwanakomana ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye
mufananidzo wake chaiwo, anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine
simba. Mushure mokunge apedza kunatswa kwezvivi, akagara kurudyi
rwamambo kudenga. 4 Saka akava mukuru kupfuura vatumwa sezvo zita
raakapiwa nhaka yaro rakanyanya kunaka kupfuura ravo.

5 Nokuti ndoupi pakati pavatumwa, Mwari waakamboti kwaari:
"Ndiwe Mwanakomana wangu;
nhasi ndava baba vako?"
kana kutizve,
"Ndichava Baba vake,
naiye achava Mwanakomana wangu?"
6 Uyezve, Mwari paanouyisa dangwe rake munyika, anoti:
"Vatumwa vose vaMwari ngavamunamate."
7 Achitaura pamusoro pavatumwa anoti,
"Anoita vatumwa vake mhepo,
varanda vake mirazvo yomoto."
8 Asi pamusoro poMwanakomana anoti,
"Chigaro chenyu choushe, imi Mwari, chichagara nokusingaperi-peri,
uye kururama kuchava tsvimbo youshe hwenyu.
9 Makada kururama uye mukavenga kusarurama;
naizvozvo Mwari, Mwari wenyu, akakuisai pamusoro peshamwari dzenyu
nokukuzodzai namafuta okufara."
10 Anotizve,
"Pakutanga, imi Ishe, makateya nheyo dzenyika,
uye matenga ndiwo basa ramaoko enyu.
11 Zvichaparara, asi imi mucharamba muripo;
zvichasakara zvose senguo.
12 Muchazvipeta sejasi;
senguo zvichashandurwa.
Asi imi munoramba makadaro,
uye makore enyu haatozogumi."
13 Ndoupi pakati pavatumwa akambonzi naMwari:
"Gara kurudyi rwangu
kusvikira ndaita vavengi vako
chitsiko chetsoka dzako?"
14 Ko, vatumwa vose havasi mweya inoshumira yakatumwa kuzobatsira
vaya vachadya nhaka yoruponeso here?

## 2

*Yambiro pamusoro poKusateerera*

1 Saka tinofanira kuteerera zvikuru, izvo zvatakanzwa, kuitira kuti
tirege kutsauka. 2 Nokuti kana shoko rakataurwa navatumwa rakanga
rakasimba, uye kana kudarika nokusateerera kwose kwakapiwa chirango
chakafanira, 3 ko, isu tichapunyuka sei kana tisina hanya noruponeso
rwakakura zvakadai? Ruponeso urwu rwakatanga kuziviswa naIshe,
rwakasimbiswa kwatiri naavo vakamunzwa. 4 Mwariwo akarupupurira
nezviratidzo, zvishamiso, mabasa esimba akasiyana-siyana, uye nezvipo
zvoMweya Mutsvene nokuda kwake.

*Jesu akaitwa Munhu*

5 Hapazi pasi pavatumwa pakaiswa nyika inouya, yatiri kutaura
nezvayo. 6 Asi mumwe akapupura kwazvo pane imwe nzvimbo achiti:
"Ko, munhu chii zvamunomufunga,
kana mwanakomana womunhu zvamune hanya naye?
7 Makamuita muduku zvishoma kuvatumwa;
makamushongedza korona yokubwinya nokukudzwa
8 uye mukaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake."
Pakuisa zvinhu zvose pasi pake, Mwari haana kusiya chinhu chimwe
chete chisina kuiswa pasi pake. Asi panguva ino hationi zvinhu zvose
zvakaiswa pasi pake. 9 Asi tinoona Jesu, akaitwa muduku zvishoma
kuvatumwa, zvino ashongedzwa korona yokubwinya nokukudzwa nokuti
akatambudzika murufu, kuitira kuti nenyasha dzaMwari anzwe rufu
nokuda kwavose.

10 Mukuuyisa vanakomana vazhinji pakubwinya, zvakanga zvakafanira
kuti Mwari iye akaitirwa zvinhu zvose uye akaita kuti zvinhu zvose
zvivepo, aite muvambi woruponeso rwazvo rwakakwana nenzira yoku-
tambudzika. 11 Vose, iye anoita kuti vanhu vave vatsvene uye avo
vanoitwa vatsvene ndevemhuri imwe chete. Saka Jesu haana nyadzi kuti
avaidze hama. 12 Anoti,
"Ndichaparidza zita renyu kuhama dzangu;
pamberi peungano ndichaimba nziyo dzokukurumbidzai."
13 Uyezve anoti,
"Ndichavimba naye."
Uyezve anoti,
"Ndiri pano, navana vandakapiwa naMwari."

14 Sezvo vana vane ropa nenyama, naiyewo akagovana navo pakuva
nyama kwavo, kuitira kuti rufu rwake ruparadze iye ane simba rorufu,
iye dhiabhori 15 uye agosunungura vaya vakanga vakasungwa muuranda
upenyu hwavo hwose nokutya kwavo rufu. 16 Nokuti zvirokwazvo
havasi vatumwa vaakabatsira, asi zvizvarwa zvaAbhurahama. 17 Nokuda
kwemhaka iyi aifanira kuitwa sehama dzake munzira yose, kuitira kuti
agova muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kuna
Mwari, uye kuti ayananise vanhu nokuda kwezvivi zvavo. 18 Nokuti iye
amene akatambudzika paakaedzwa, anokwanisa kubatsira vanoedzwa.

# 3

*Jesu mukuru kuna Mozisi*

1 Naizvozvo, hama tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kudenga,
isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Mupostori nomuprista mukuru uyo
watinopupura nezvake. 2 Akanga akatendeka kuna iye akamugadza,
saMozisi akanga akatendeka muimba yose yaMwari. 3 Jesu akaonekwa

kuti akafanira kukudzwa kupfuura Mozisi, somuvaki weimba anokudzwa
kupfuura imba yacho. 4 Nokuti imba imwe neimwe inovakwa nomunhu,
asi Mwari ndiye muvaki wezvinhu zvose. 5 Mozisi akanga akatendeka
somuranda muimba yose yaMwari, achipupura pamusoro pezvaizotau-
rwa munguva yaizotevera. 6 Asi Kristu akatendeka somwanakomana
pamusoro peimba yaMwari. Uye isu tiri imba yake, kana tikabatisisa
pakushinga kwedu netariro yatinozvirumbidza pamusoro payo.

*Yambiro pamusoro poKusatenda*

7 Naizvozvo, sezvinotaura Mweya Mutsvene achiti:
"Nhasi, kana muchinzwa inzwi rake,
8 musaomesa mwoyo yenyu
sezvamakaita panguva dzokumukira,
panguva yokuedzwa murenje,
9 mandakaedzwa namadzibaba enyu
uye kwamakore makumi mana vakaona zvandakaita.
10 Ndokusaka ndakatsamwira rudzi irworwo,
uye ndikati, 'Mwoyo yavo inogara ichitsauka,
havana kuziva nzira dzangu.'
11 "Naizvozvo ndakapika mhiko pakutsamwa kwangu ndikati,
" 'Havangazopindi pazororo rangu.' "
12 Hama dzangu, chenjererai kuti pakati penyu pasava nomunhu ano
mwoyo usingatendi, une zvivi, unotsauka kubva kuna Mwari mupenyu.
13 Asi simbisanai zuva rimwe nerimwe, kana kuchinzi Nhasi, kuitira kuti
kusava nomumwe wenyu anoomeswa nokunyengera kwezvivi. 14 Takauya
kuzogovana muna Kristu kana tichibatisisa kuvamba kwokutenda kwedu
kusvikira pakuguma. 15 Sezvazvakataurwa zvichinzi:
"Nhasi, kana muchinzwa inzwi rake,
musaomesa mwoyo yenyu
sezvamakaita panguva dzokumukira."
16 Ndivanaaniko vakanzwa uye vakamukira? Havazivo here vaya
vose vakatungamiririrwa naMozisi pakubuda muIjipiti? 17 Uye ndi-
vanaaniko vaakatsamwira kwamakore makumi mana? Havazivo here
vaya vakatadza, vane mitumbi yakawira murenje? 18 Uye ndivanaaniko
vakapikirwa mhiko naMwari kuti havangapindi muzororo rake kana
vasiri ivo vaya vasina kuteerera? 19 Saka tinoona kuti havana kukwanisa
kupinda, nokuda kwokusatenda kwavo.

# 4

*Sabata, zororo raVanhu vaMwari*

1 Naizvozvo, sezvo chipikirwa chokupinda muzororo rake chichiripo,
ngatichenjerei kuti kurege kuva nomumwe wenyu angatadza kusvikako.
2 Nokuti nesuwo takanzwa vhangeri richiparidzwa kwatiri, saivo; asi
shoko ravakanzwa harina kuvabatsira, nokuti ivo vakarinzwa havana
kuribatanidza nokutenda. 3 Zvino isu tinotenda tinopinda muzororo iroro,
sezvakareva Mwari achiti,
"Naizvozvo ndakapika mhiko mukutsamwa kwangu, kuti,
'Havazopindi muzororo rangu.' "
Uye kunyange zvakadaro basa rake akapedza kubva pakusikwa kwenyika.
4 Nokuti pane imwe nzvimbo akataura mashoko aya pamusoro pezuva
rechinomwe. "Zvino pazuva rechinomwe Mwari akazorora kubva pabasa

rake rose.” 5 Uyezve mundima iri pamusoro anoti, “Havazopindi
muzororo rangu.”
6 Ichokwadi kuti vamwe vachapinda muzororo iroro, uye vaya
vakatanga kuparidzirwa vhangeri kare havana kupinda, nokuda
kwokusateerera kwavo. 7 Naizvozvo Mwari akaisazve rimwe zuva rinonzi
Nhasi, paakataura kare kubudikidza naDhavhidhi, sezvazvakataurwa
pakutanga zvichinzi:
“Nhasi, kana muchinzwa inzwi rake,
musaomesa mwoyo yenyu.”
8 Nokuti dai Joshua akanga avapa zororo, Mwari angadai asina kuzotau-
razve nezverimwe zuva. 9 Naizvozvo richiripo, zororo reSabata ravanhu
vaMwari; 10 nokuti ani naani anopinda muzororo raMwari anozororawo
pabasa rake, sezvakaita Mwari pane rake. 11 Naizvozvo ngatishingairirei
kuti tipinde muzororo iro, kuitira kuti pashayikwe achawa nokuda
kwokutevera muenzaniso wavo wokusateerera.
12 Nokuti shoko raMwari ibenyu uye rine simba. Rinopinza kukunda
munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kunyange kusvikira
panoparadzana mwoyo nomweya, namafundo nomongo; rinotonga mi-
fungo nendangariro dzomwoyo. 13 Hakuna chisikwa chakavanzika
pamberi paMwari. Zvinhu zvose zviri pachena uye zvakafukurwa pameso
aiye watinofanira kuzvidavirira kwaari.

*Jesu Muprista Mukuru*

14 Naizvozvo, zvatino muprista mukuru kwazvo, akapinda napakati pa-
matenga, Jesu Mwanakomana waMwari, ngatibatisisei kutenda kwatinop-
upura. 15 Nokuti hatina muprista mukuru asingagoni kutinzwira tsitsi
pautera hwedu, asi tinaye akaedzwa pazvinhu zvose, sesu, asi asina
chivi. 16 Ngatiswederei tisingatyi pachigaro choushe chenyasha, kuitira
kuti tigogamuchira ngoni uye tigowana nyasha, tibatsirwe panguva
yokushayiwa.

# 5

1 Muprista mukuru mumwe nomumwe anosarudzwa kubva pakati
pavanhu uye anogadzwa kuti avamiririre pazvinhu zvaMwari, kuti ape
zvipo nezvibayiro pamusoro pezvivi. 2 Anogona kunzwira tsitsi vaya
vasingazivi uye navaya vari kutsauka, sezvo iye pachake ari pasi poutera.
3 Ndokusaka achifanira kupa zvibayiro zvezvivi zvake, pamwe chete
nezvezvivi zvavanhu.
4 Hapana munhu anozvipa kukudzwa uku; anofanira kudanwa
naMwari, sezvakaitwa Aroni. 5 Saizvozvowo Kristu haana kuzvitorera iye
kubwinya kwokuva muprista mukuru. Asi Mwari akati kwaari,
“Ndiwe Mwanakomana wangu;
nhasi ndava baba vako.”
6 Uye akati, pane imwe nzvimbo,
“Ndiwe muprista nokusingaperi,
worudzi rwaMerikizedheki.”
7 Pamazuva oupenyu hwaJesu panyika, akauya kuna iye akanga
achigona kumurwira parufu neminyengetero nemikumbiro, achichema
nokuchema kukuru nemisodzi, uye akanzwika nokuda kwokutya kwake
Mwari. 8 Kunyange zvake akanga ari mwanakomana, akadzidza ku-
teerera kubva pakutambudzika kwake 9 uye akati akwaniswa, akazova

muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomuteerera 10 uye
akanzi naMwari ave muprista mukuru worudzi rwaMerikizedheki.

### *Yambiro pamusoro poKutsauka*

11 Tine zvizhinji zvokutaura pamusoro peizvi, asi zvinorema kuzvit-
sanangura kwamuri nokuti munononoka kunzwisisa. 12 Nokuti, kun-
yange maifanira kuva vadzidzisi pari zvino munotoda mumwe munhu
kuti akudzidzisei zvakare zvokwadi yezvokuvamba zveshoko raMwari.
Muchiri kuda mukaka, kwete zvokudya zvikukutu. 13 Mumwe nomumwe
anoraramiswa nomukaka, achiri mucheche, haasati anzwisisa dzidziso
pamusoro pokururama. 14 Asi zvokudya zvikukutu ndezvavakuru, avo
vakazvidzidzisa nokuramba vachizviita, kutsaura zvakanaka kubva kune
zvakaipa.

## 6

1 Naizvozvo ngatisiyei dzidziso dzokutanga pamusoro paKristu uye
tipfuurire mberi mukukura, tisingaisizve nheyo dzokutendeuka kubva
pamabasa anotungamirira kurufu, uye nokutenda muna Mwari, 2 dzidziso
pamusoro pokubhabhatidzwa nedzokuisa maoko pamusoro, dzokumuka
kubva kuvakafa, uye nedzokutongwa kusingaperi. 3 Uye kana Mwari
achitendera, ndizvo zvatichaita.
4 Nokuti hazvigoni kuti vaya vakambovhenekerwa, vaya vakamboravira
chipo chokudenga, vakagoverwa Mweya Mutsvene, 5 vakaravira kunaka
kweshoko raMwari uye namasimba enyika inouya, 6 kuti vatendeukezve
mushure mokunge vatsauka, nokuti pakurasikirwa kwavo vanorover-
erazve Mwanakomana waMwari, vachimunyadzisa pachena.
7 Nyika inonwa mvura inonaya nguva nenguva pamusoro payo uye
inobereka zvirimwa zvinobatsira avo vanoirima, ndiyo inoropafadzwa
naMwari. 8 Asi nyika inobereka minzwa norukato haibatsiri uye ine
dambudziko rokuti ichatukwa. Pakupedzisira ichapiswa.
9 Kunyange zvazvo tichitaura sezvizvi, hama dzinodikanwa, tinoziva
kwazvo kuti kwamuri kuchabva zvinhu zviri nani, zvinhu zvinoshanda
pamwe chete noruponeso. 10 Mwari haazi asina kururama; haangakan-
ganwi basa renyu norudo rwamakamuratidza pamaibatsira vanhu vake
uye kuti muchiri kuramba muchivabatsira. 11 Tinoda kuti mumwe no-
mumwe wenyu ave nokushingaira kumwe cheteko kusvikira kumagumo,
kuitira kuti muve nechokwadi chetariro yenyu. 12 Hatidi kuti muve simbe,
asi kuti muve vateveri vaavo vanodya nhaka yakavimbiswa kubudikidza
nokutenda nokutsungirira.

### *Chokwadi cheVimbiso yaMwari*

13 Mwari paakaita vimbiso yake kuna Abhurahama, sezvo kwakanga
kusina mumwe mukuru kwaari wokuti angapika naye, akapika naiye
amene, 14 achiti, "Zvirokwazvo ndichakuropafadza uye ndichakupa
zvizvarwa zvizhinji." 15 Uye mushure mokumirira nomwoyo murefu,
Abhurahama akagamuchira chipikirwa.
16 Vanhu vanopika nomukuru kwavari, uye mhiko ndiyo inosimbisa
zvinenge zvataurwa, uye inopedza gakava rose. 17 Nokuti Mwari aida
kuti aratidze pachena kusashanduka kwechido chake kuvadyi venhaka
yakapikirwa, akakusimbisa nemhiko. 18 Mwari akaita izvi kuitira kuti,
nezvinhu zviviri zvisingashanduki, zvokuti Mwari haagoni kureva nhema,
isu vakatiza tikandobatisisa tariro yatakapiwa, tichasimbiswa zvikuru.

[19] Tine tariro iyi sechibatiso choMweya, chakasimba chisingazungunuswi.
Inopinda mukati mechidzitiro chomutemberi, [20] makapinda Jesu akatitan-
gira isu, akapinda akatimiririra. Akava muprista mukuru nokusingaperi
worudzi rwaMerikizedheki.

# 7

*Merikizedheki Muprista*

[1] Merikizedheki uyu aiva mambo weSaremu, uye aiva muprista
waMwari Wokumusoro-soro. Akasangana naAbhurahama pakudzoka
kwake achibva kundokunda madzimambo, akamuropafadza, [2] uye Abhu-
rahama akamupa chegumi chezvinhu zvose. Kutanga zita rake rinoreva
kuti, "mambo wokururama"; uyezve, "mambo weSaremu" zvinoreva kuti,
"mambo woRugare." [3] Asina baba kana mai, asina madzitateguru, asina
mavambo amazuva kana magumo oupenyu, soMwanakomana waMwari
anoramba ari muprista nokusingaperi.
[4] Chingofungai kuti akanga ari mukuru sei. Kunyange natateguru
Abhurahama akamupa chegumi chezvaakanga apamba! [5] Zvino murayiro
unoti avo vari zvizvarwa zvaRevhi vakava vaprista kuti vatore chegumi
kuvanhu, idzo hama dzavo, kunyange zvazvo hama dzavo dziri zvizvarwa
zvaAbhurahama. [6] Murume uyu, kunyange zvakadaro, akanga asina
rudzi runobva pazvizvarwa zvaRevhi, asi akatora chegumi kubva kuna
Abhurahama uye akaropafadza iye akanga ane zvipikirwa. [7] Uye hapana
kukahadzika kuti muduku anoropafadzwa neakamupfuura paukuru.
[8] Panyaya iyi yokutanga, chegumi chinotorwa navanhu vanofa; asi pane
imwe nyaya iyi chinotorwa naiye anonzi mupenyu. [9] Mumwe angati
Revhi, anotora chegumi, akapawo chegumi kubudikidza naAbhurahama,
[10] nokuti Merikizedheki paakasangana naAbhurahama, Revhi akanga
achiri muchiuno chatateguru vake.

*Jesu saMerikizedheki*

[11] Kana kukwaniswa kwaigona kuvapo nenzira youprista hwaRevhi
(nokuti vanhu vakapiwa murayiro nokuda kwahwo), ko, mumwe muprista
aifanira kuzomuka sei, iye ari worudzi rwaMerikizedheki, asiri worudzi
rwaAroni? [12] Nokuti kana uprista huchishandurwa, kunofanirawo
kushandurwa murayiro. [13] Iye anorehwa zvinhu izvi pamusoro pake
ndeworumwe rudzi, uye hakuna mumwe worudzi urwu akamboshumira
paaritari. [14] Nokuti zviri pachena kuti Ishe wedu akabva kurudzi rwa-
Judha uye pamusoro porudzi urwu Mozisi haana kumbotaura zvavaprista.
[15] Uye zvatataura zvinotova pachena kunyanya kana mumwe muprista
akaita saMerikizedheki achionekwa, [16] uyo ava muprista kwete nokuda
kwomurayiro wenhoroondo yamadzitateguru ake asi nokuda kwesimba
roupenyu husingaparadziki. [17] Nokuti zvakataurwa zvichinzi:
"Iwe uri muprista nokusingaperi,
worudzi rwaMerikizedheki."
[18] Murau wokutanga wakaiswa padivi nokuti wakanga une utera uye
usina maturo [19] (nokuti murayiro hauna chinhu chawakaita kuti chive
chakakwana), uye tariro iri nani inoziviswa, yatinoswededzwa nayo pedyo
naMwari.
[20] Uye hazvina kuitwa pasina mhiko! Vamwe vakava vaprista pasina
kana mhiko zvayo, [21] asi iye akava muprista ane mhiko, Mwari paakati
kwaari:
"Ishe akapika

uye haangashanduri murangariro wake:
'Iwe uri muprista nokusingaperi.' "
22 Nokuda kwemhiko yake, Jesu akava rubatso rwesungano inopfuura
nokunaka.
23 Zvino kwakava navazhinji vavaprista, nokuti rufu rwakavatadzisa
kupfuurira mberi paushumiri; 24 asi Jesu, nokuti anogara nokusingaperi,
ano uprista huchavapo nokusingaperi. 25 Naizvozvo anogona kuponesa
zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye, nokuti anorarama
nokusingaperi achivanyengeterera.
26 Muprista mukuru akadai anotipa zvatinoshayiwa, iye mutsvene,
asina chaangapomerwa, asina kusvibiswa, akatsaurwa kubva kuvatadzi,
akasimudzirwa pamusoro pamatenga. 27 Asingafanani navaya vaprista,
haafaniri kubayira zvipiriso zuva rimwe nerimwe, kutanga pamusoro
pezvivi zvake, pashure pamusoro pezvivi zvavanhu. Akabayira zvivi
zvavo kamwe chete zvikapera paakazvipa iye. 28 Nokuti murayiro
unogadza vanhu vano utera savaprista vakuru; asi mhiko yakauya shure
kwomurayiro, yakagadza Mwanakomana, uyo akakwaniswa nokusin-
gaperi.

# 8

*Muprista Mukuru weSungano Itsva*

1 Shoko guru pane izvozvi zvatiri kutaura ndiro iri rokuti: Tino muprista
mukuru akadai, akagara kurudyi rwechigaro chaIshe kudenga, 2 uye
anoshumira muimba tsvene, iyo tabhenakeri chaiyo yakamiswa naIshe,
kwete nomunhu.
3 Muprista mukuru, mumwe nomumwe, akagadzwa kuti ape zvipo
nezvibayiro kuna Mwari, naizvozvo zvakanga zvakafanira kuti uyu
ave nechokubayirawo. 4 Dai akanga ari panyika, angadai asina kuva
muprista, nokuti vaprista vakanga varipo kare vaibayira zvipo sezvakare-
hwa nomurayiro. 5 Vaishumira panzvimbo tsvene inova mufananidzo
nomumvuri wezviri kudenga. Nokuda kweizvi Mozisi akayambirwa
paakanga ava kuvaka tabhenakeri: "Uve nechokwadi kuti waita zvose
maererano nomufananidzo wawakaratidzwa mugomo." 6 Asi ushumiri
hwakapiwa Jesu hwakapfuura hwavo pakunaka sezvo ari murevereri
wesungano inopfuura nokunaka pane sungano yakare, uye yakasimbiswa
nezvipikirwa zviri nani.
7 Nokuti dai pakanga pasina chakaipa nesungano yokutanga pangadai
pasina kuwanikwa mukana weimwe sungano. 8 Asi Mwari akaona
kukanganisa kwavanhu ava akati:
"Nguva inouya, ndizvo zvinotaura Ishe,
yandichaita sungano itsva
neimba yaIsraeri,
uye neimba yaJudha,
9 Haichazovi sesungano
yandakaita namadzitateguru avo,
pandakavabata noruoko
kuti ndivabudise kubva muIjipiti,
nokuti havana kuramba vakatendeka kusungano yangu,
neniwo ndakavasiya,
ndizvo zvinotaura Ishe.
10 Iyi ndiyo sungano yandichaita neimba yaIsraeri,

mushure menguva iyoyo, ndizvo zvinotaura Ishe.
Ndichaisa mirayiro yangu mundangariro dzavo,
uye ndichainyora pamwoyo yavo.
Ndichava Mwari wavo,
uye vachava vanhu vangu.
11 Hakuna munhu achazodzidzisa muvakidzani wake,
kana munhu kudzidzisa hama yake, achiti, 'Ziva Ishe,'
nokuti vose vachandiziva,
kubva kumuduku kusvikira kumukuru pakati pavo.
12 Nokuti ndichavaregerera zvakaipa zvavo
uye handizorangaririzve zvivi zvavo."
13 Nokuti akati sungano iyi "itsva," ipapo akashayisa basa yokutanga;
zvino chinhu chisisina basa uye chava chekare chichaparara nokukuru-
midza.

# 9

*Kunamata muTabhenakeri Yapanyika*

1 Zvino sungano yokutanga yakanga ine mirayiro yokunamata Mwari
uye neyeimba tsvene yapanyika. 2 Tabhenakeri yakamiswa. Mukamuri
rayo rokutanga makanga mune chigadziko chomwenje, netafura uye
nezvingwa zvitsvene; iyi ndiyo yainzi Nzvimbo Tsvene. 3 Mberi kwechidz-
itiro chechipiri kwakanga kune kamuri yainzi Nzvimbo Tsvene-tsvene,
4 yakanga ine ndiro yegoridhe yezvinonhuhwira uye neareka yesungano
yakanga yakafukidzirwa negoridhe. Muareka iyi ndimo makanga mune
hari yegoridhe yakanga ine mana, netsvimbo yaAroni yakanga yatungira,
uye namahwendefa esungano. 5 Pamusoro peareka pakanga paina
makerubhi okubwinya, aidzikatidza chifunhiro chengoni. Asi hatingatauri
nezvezvinhu zvose izvi zvizere iye zvino.
6 Zvinhu zvose zvakati zvagadzirwa saizvozvi, vaprista vaizopinda
mukamuri yokutanga nguva dzose vachiita ushumiri hwavo. 7 Asi
muprista mukuru oga ndiye aipinda mukamuri yomukati, kamwe chete
pagore, uye asingatongopindi asina ropa, raaizvibayira iye pachake nez-
vivi zvavanhu zvavakanga vaita mukusaziva. 8 Mweya Mutsvene airatidza
nechinhu ichi, kuti nzira inoenda kunzvimbo Tsvene-tsvene yakanga isati
yaratidzwa sezvo tabhenakeri yakanga ichimire. 9 Uyu mufananidzo
wenguva ino, zvichireva kuti zvipo nezvibayiro zvaibayirwa zvakanga
zvisingagoni kuchenesa hana yaiye ainamata. 10 Zvinongova zvokudya
nezvokunwa uye nokushamba kuzhinji zvapanyama, zvavakatemerwa
kusvikira panguva yokuvandudzwa.

*Ropa raKristu*

11 Kristu paakauya somuprista mukuru wezvinhu zvakanaka zvatova
pano kare, akapinda nomutabhenakeri yakapfuura pakukura uye na-
pakukwana isina kugadzirwa nomunhu, zvichireva kuti yakanga isiri
chikamu chokusikwa kuno. 12 Haana kupinda nokuda kweropa rembudzi
neremhuru; asi akapinda muNzvimbo Tsvene-tsvene neropa rake chairo
akatiwanira rudzikinuro rusingaperi. 13 Ropa rembudzi nerenzombe
namadota etsiru zvaisaswa pamusoro paavo vakanga vakasvibiswa,
zvaiita kuti vatsvene vanatswe panyama. 14 Ko, kuzoti zvino iro ropa
raKristu, uyo kubudikidza noMweya unogara nokusingaperi, akazvipa,
asina chaangapomerwa kuna Mwari, akachenesa hana dzedu kubva

pamabasa ose anotungamirira kurufu, kuitira kuti tigoshumira Mwari Mupenyu!
15 Nokuda kwaizvozvi Kristu ndiye murevereri wesungano itsva, kuitira kuti vaya vakadanwa vagogamuchira chipikirwa chenhaka isingaperi zvino, sezvo akafa sedzikinuro kuti avasunungure kubva pazvivi zvavavakaita vari pasi pesungano yokutanga.
16 Nokuti kana iri nhaka yakanyorwa, panofanira kuvapowo nechokwadi
chorufu rwaiye akaiita, 17 nokuti nhaka yakanyorwa ine simba
chete kana munhu afa; haina simba kana akaiita achiri mupenyu.
18 Ndokusaka sungano yokutanga isina kushanda pasina ropa. 19 Mozisi
paakaparidza mirayiro yose kuvanhu vose, akatora ropa remhuru, pamwe chete nemvura, neshinda tsvuku uye namapazi ehisopi, akasasa
pabhuku rakapetwa uye napavanhu. 20 Akati, "Iri iropa resungano,
yamakarayirwa naMwari kuti muchengete." 21 Nenzira imwe cheteyo, akasasa neropa tabhenakeri nezvinhu zvose zvaishandiswa pakushumira
mairi. 22 Zvirokwazvo, murayiro unoda kuti zvinhu zvinenge zvose zvinatswe neropa, uye pasina kuteurwa kweropa hapana kuregererwa.
23 Naizvozvo zvaifanira kuti mifananidzo yezvinhu zvokudenga inatswe nezvibayiro izvi, asi zvinhu zvokudenga zvacho zvaifanira kunatswa
nechibayiro chinopfuura izvi. 24 Nokuti Kristu haana kupinda panzvimbo
tsvene yakagadzirwa nomunhu yakanga ichingova mufananidzo waiyo yechokwadi chaiyo; akapinda kudenga chaiko, kuti atimiririre pam-
beri paMwari. 25 Uye haana kupinda kudenga kuti azviite chibayiro kakawanda, somuprista mukuru anopinda muNzvimbo Tsvene-tsvene,
gore negore, neropa risiri rake. 26 Zvino Kristu angadai akazotambudzika kakawanda kubva pakuvambwa kwenyika. Asi zvino akaonekwa kamwe chete pamagumo enguva kuti aparadze chivi nokuzviita chibayiro iye
pachake. 27 Sezvo munhu akatemerwa kufa kamwe chete uye shure
kwaizvozvo agotongwa, 28 saizvozvowo Kristu akabayirwa kamwe chete kuti atakure zvivi zvavanhu vazhinji; uye achazoonekwa kechipiri, asingatakuri zvivi, asi kuti auyise ruponeso kuna avo vakamumirira.

# 10

*Chibayiro chaKristu chakaitwa kamwe chete zvikapera*

1 Murayiro unongova mumvuri chete wezvinhu zvakanaka zvinouya, kwete izvo chaizvo. Nokuda kwaizvozvo haungagoni kuita kuti avo vanoswedera, kuti vanamate gore rimwe nerimwe, naizvo zvibayiro zvimwe chetezvo zvavanoramba vachibayira kuna Mwari, vakwaniswe.
2 Dai zvaigona kudaro, zvingadai zvisina kupera kubayirwa here? 3 Nokuti
vanonamata vangadai vakanatswa kamwe chete zvikapera, uye vangadai vasina kuzonzwazve mhosva yezvivi zvavo gore roga roga, 4 nokuti
hazvigoni kuti ropa renzombe nerembudzi ribvise zvivi.
5 Naizvozvo Kristu, paakauya munyika muno, akati:

"Chibayiro nechipo hamuna kuzvifarira,
asi muviri wamakandigadzirira;
6 zvibayiro zvinopiswa nezvibayiro zvezvivi
hamuna kufadzwa nazvo.
7 Ipapo ini ndakati, 'Ndiri pano, mubhuku rakapetwa makanyorwa nezvangu,
ndauya kuti ndiite kuda kwenyu, imi Mwari.' "

8 Pakutanga akati, “Zvibayiro nezvipiriso, zvipiriso zvinopiswa,
nezvipiriso zvezvivi hamuna kuzvida, kana kufadzwa nazvo (kunyange
zvazvo murayiro waida kuti zviitwe).” 9 Ipapo iye akati, “Ndiri pano,
ndauya kuzoita kuda kwenyu.” Akabvisa chokutanga kuti aise chechipiri.
10 Uye nokuda kwenyu ikoku, tichaitwa vatsvene kubudikidza nechibayiro
chomuviri waJesu Kristu chakabayirwa kamwe chete zvikapera.

11 Zuva nezuva muprista mumwe nomumwe aimira achiita ushumiri
hwake nokuramba achibayira zvibayiro zvimwe chetezvo, zvisingaton-
gogoni kubvisa zvivi. 12 Asi muprista uyu akati abayira chibayiro chimwe
chete chenguva dzose, akagara kurudyi rwaMwari. 13 Kubva panguva
iyoyo anomirira kusvikira muvengi wake aitwa chitsiko chetsoka dzake,
14 nokuti nechibayiro chimwe chete akaita kuti vaya vari kuitwa vatsvene
vakwaniswe nokusingaperi.

15 Mweya Mutsvene anotipupurirawo pamusoro peizvi. Kutanga anoti:

16 “Iyi ndiyo sungano yandichaita navo
mushure menguva iyoyo, ndizvo zvinotaura Ishe.
Ndichaisa mirayiro yangu mumwoyo yavo,
uye ndichainyora mundangariro dzavo.”
17 Ipapo anotizve:
“Zvivi zvavo nokudarika kwavo
handizozvirangarirezve.”
18 Zvino kana izvi zvaregererwa, hakuchisina chimwezve chibayiro
chezvivi.

*Kutsungirira*

19 Naizvozvo, hama, zvatinotsunga kuti tipinde paNzvimbo Tsvene
neropa raJesu, 20 nenzira itsva uye ino upenyu yatakazarurirwa
kubudikidza nechidzitiro chinova muviri wake, 21 uye sezvo tino
muprista mukuru pamusoro pemba yaMwari, 22 ngatiswederei kuna
Mwari nomwoyo wechokwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo, nem-
woyo yakasaswa kuti tinatswe kubva pahana yakaipa uye miviri yedu
yakashambwa nemvura yakachena. 23 Ngatibatisisei tariro yatinopupura,
tisingazungunuswi, nokuti iye akapikira akatendeka. 24 Uye ngatiran-
garirei kuti tingakurudzirana sei kuti tive norudo namabasa akanaka.
25 Tisarega kuungana sezvinoita vamwe, asi tikurudzirane, zvikuru sei
sezvamunoona kuti Zuva roswedera.

26 Nokuti kana tikaramba tichitadza tichida, kana takamboga-
muchira ruzivo rwechokwadi, hakuchisinazve chimwe chibayiro chezvivi,
27 asi kungomirira tichitya kutongwa nokutsamwa kunopfuta somoto,
kuchapedza vavengi vaMwari. 28 Munhu wose akaramba murayiro
waMozisi akafa asinganzwirwi tsitsi pamberi pezvapupu zviviri kana
zvitatu. 29 Ko, munofunga kuti munhu, akatsika pasi petsoka dzake
Mwanakomana waMwari uye akatora ropa resungano iri rakamuita
mutsvene sechinhu chisiri chitsvene uye akatuka Mweya wenyasha,
anofanira kurangwa zvikuru sei? 30 Nokuti tinomuziva iye akati, “Kutsiva
ndokwangu; ini ndicharipira,” uyezve, “Ishe achatonga vanhu vake.”
31 Chinhu chinotyisa kuwira mumaoko aMwari mupenyu.

32 Rangarirai mazuva okutanga mushure mokugamuchira chiedza,
amakatsunga pakurwa kukuru mukutambudzika. 33 Pane dzimwe nguva
makatukwa uye mukatambudzwa pachena; pane dzimwe nguva makago-
vana navo vakaitirwawo izvozvo. 34 Makanzwira tsitsi avo vakanga vari

mutorongo mukagamuchira nomufaro kupambwa kwenhumbi dzenyu,
nokuti maiziva kuti imi pachenyu makanga mune pfuma yakapfuura
nokunaka uye inogara.
35 Naizvozvo regai kurasa kusatya kwenyu, kuno mubayiro mukuru.
36 Munofanira kutsungirira kuitira kuti kana maita kuda kwaMwari
mugogamuchira zvaakavimbisa. 37 Nokuti kanguva kaduku duku kasara,
“Iye anouya, achauya, asinganonoki.
38 Asi akarurama wangu achararama nokutenda.
Uye kana akadzokera shure,
handizofadzwi naye.”
39 Asi isu hatisi ivo vokudzokera shure, vanoparadzwa, asi tiri vokutenda
vanoponeswa.

# 11

*Kutenda*

1 Zvino kutenda ndiko kuva nechokwadi nezvinhu zvatinotarisira,
nechiratidzo chezvinhu zvatisingaoni. 2 Nokuti izvi ndizvo zvakaita kuti
vanhu vekare vapupurirwe zvakanaka.
3 Nokutenda tinonzwisisa kuti nyika yakaitwa nokurayira kwaMwari,
zvokuti zvinhu zvinoonekwa zvakaitwa kubva pane zvinhu zvisin-
gaonekwi. 4 Nokutenda Abheri akapa Mwari chibayiro chiri nani pane
chaKaini. Nokutenda akapupurirwa kuti akanga ari munhu akarurama,
Mwari paakataura zvakanaka pamusoro pezvipo zvake. Uye nokutenda
achiri kutaura nazvino kunyange zvake akafa.
5 Nokutenda Enoki akatorwa kubva paupenyu huno, zvokuti haana
kuona rufu; akasaonekwa, nokuti Mwari akanga amutora; nokuti asati
atorwa, akanga achipupurirwa somunhu aifadza Mwari. 6 Uye pasina
kutenda hazvibviri kufadza Mwari, nokuti ani naani anouya kwaari
anofanira kutenda kuti ariko uye kuti anopa vanomutsvaka nomwoyo
wose mubayiro wavo.
7 Nokutenda Noa, akati anyeverwa pamusoro pezvinhu zvakanga
zvichigere kuonekwa, akavaka areka nokutya Mwari kuti aponese mhuri
yake. Nokutenda kwake akapa nyika mhosva uye akava mugari wenhaka
yokururama kunouya nokutenda.
8 Nokutenda Abhurahama, akati adanwa kuti aende kunzvimbo iyo
yaaizogamuchira kuti ive nhaka yake, akateerera akaenda, kunyange
zvazvo akanga asingazivi kwaaienda. 9 Nokutenda akandogara somu-
torwa munyika yechipikirwa, saanogara munyika yavamwe; akagara
mumatende, sezvakaita Isaka naJakobho, vakanga vari vadyi venhaka
yechipikirwa pamwe chete naye. 10 Nokuti akanga achitarisira guta rine
nheyo, Mwari ari mhizha nomuvaki waro.
11 Nokutenda Abhurahama, kunyange zvake akanga apfuura zera, uye
Sara pachake akanga asingabereki, akapiwa simba rokuva baba, nokuti
akati iye akamupikira akatendeka. 12 Uye nokudaro kubva pamunhu
mumwe, akanga oita seafa, kwakava nezvizvarwa zvakawanda senyeredzi
dzokudenga, zvisingaverengeki sejecha pamahombekombe egungwa.
13 Vanhu ava vose vakanga vachirarama nokutenda kusvikira panguva
yokufa. Havana kuwana zvinhu zvavakavimbiswa; vakangozviona chete
vakazvigamuchira zviri kure. Uye vakabvuma kuti ivo vakanga vari vaeni
navatorwa panyika. 14 Vanhu vanotaura zvinhu zvakadai vanoratidza kuti

vari kutsvaka nyika yavo chaiyo. 15 Dai vakanga vachifunga nyika yavak-
abva kwairi vangadai vakawana mukana wokudzokera. 16 Asi vakanga
vachishuva nyika yakanaka, iyo yokudenga. Naizvozvo Mwari haana
nyadzi pamusoro pavo kuti anzi Mwari wavo, nokuti akavagadzirira guta.

17 Nokutenda Abhurahama, paakaedzwa naMwari, akapa Isaka
sechibayiro. Iye akanga agamuchira zvipikirwa akanga obayira mwanako-
mana wake mumwe oga, 18 kunyange zvazvo Mwari akanga akati kwaari,
"Nokuna Isaka zvizvarwa zvako zvichazovapo." 19 Abhurahama akafunga
akati Mwari aigona kumutsa vakafa, uye tichitaura nomufananidzo,
akagamuchira Isaka kubva kuvakafa.

20 Nokutenda Isaka akaropafadza Jakobho naEsau pamusoro pez-
vaizoitika.

21 Nokutenda Jakobho, paakanga ava kufa akaropafadza mwanakomana
mumwe nomumwe waJosefa, uye akanamata akazendamira pamusoro
pomudonzvo wake.

22 Nokutenda, Josefa, magumo ake ava pedyo, akataura zvokubuda
kwavaIsraeri kubva muIjipiti uye akarayira pamusoro pamapfupa ake.

23 Nokutenda Mozisi paakaberekwa, vabereki vake vakamuviga
kwemwedzi mitatu, nokuti vakaona kuti akanga ari mwana akanaka uye
havana kutya murayiro wamambo.

24 Nokutenda Mozisi akati akura, akaramba kunzi mwanakomana wom-
wanasikana waFaro. 25 Akasarudza kutambudzwa pamwe chete navanhu
vaMwari pano kufadzwa kwenguva duku namafaro ezvivi. 26 Akati
kuzvidzwa nokuda kwaKristu ipfuma huru kupfuura kupfuma kwose
kweIjipiti, nokuti akanga achitarira mberi kumubayiro. 27 Nokutenda
akabva muIjipiti asingatyi kutsamwa kwamambo; akatsungirira nokuti
akanga aona iye asingaonekwi. 28 Nokutenda akavamba Pasika nokusasa
ropa, kuitira kuti muurayi wamatangwe arege kuuraya matangwe eIsraeri.

29 Nokutenda vanhu vakayambuka Gungwa Dzvuku, sapanyika
yakaoma; asi vaIjipita pavakaedza kuzviita vakanyura.

30 Nokutenda masvingo eJeriko akawira pasi, mushure mokunge vanhu
vafamba vachiapoteredza kwamazuva manomwe.

31 Nokutenda Rahabhi chifeve, haana kufa pamwe chete navasina
kuteerera, nokuti akanga agamuchira vasori norugare.

32 Uye ndichataureiko zvimwe? Handichina nguva yokutaura pamusoro
paGidheoni, Bharaki, Samusoni, Jefuta, Dhavhidhi, Samueri, navaprofita,
33 vakakunda ushe nokutenda, vakatonga nokururamisira, uye vakawana
zvakanga zvavimbiswa; vakadzivira miromo yeshumba, 34 vakadzima
simba romoto, uye vakapunyuka kubva pamunondo unopinza, utera
hwavo hwakashandurwa hukava simba uye vakava nesimba guru
pakurwa vakakunda hondo dzamamwe marudzi. 35 Vakadzi vakaga-
muchirazve vakanga vafa vavo vamutswa kuti vave vapenyu zvakare.
Vamwe vakatambudzwa vakaramba kusunungurwa, kuitira kuti vago-
zopiwa kumuka kuri nani pakunaka. 36 Vamwe vakasekwa uye vakaro-
hwa, uyezve vamwe vakasungwa vakaiswa mutorongo. 37 Vakatakwa
namabwe; vamwe vakaitwa zvidimbu zviviri; vakaurayiwa nomunondo.
Vakafamba vakapfeka matehwe amakwai namatehwe embudzi, vasina
chinhu, vakatambudzwa uye vakaitirwa zvakaipa, 38 nyika yakanga
isina kufanirwa navo. Vaidzungaira murenje nomumakomo, mumapako
nomumakomba enyika.

39 Vose ava vakapupurirwa kutenda kwavo, asi hapana kana mumwe
wavo akagamuchira zvakanga zvavimbiswa. 40 Mwari akanga atigadzirira
chimwe chinhu chiri nani pakunaka, kuitira kuti ivo pamwe chete nesu
tigoitwa vakakwana.

# 12

*Mwari anoranga Vanakomana Vake*

1 Naizvozvo nesuwo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura
rikadai, ngatibvisei zvose zvinoremedza, nechivi chinongotinamatira
nyore, uye ngatimhanyei nokutsungirira, nhangemutange yatakaisirwa.
2 Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu; iye
akatsunga pamuchinjikwa nokuda kwomufaro wakaiswa pamberi pake,
akashora kunyadziswa kwawo, uye akandogara kurudyi rwechigaro
choushe chaMwari. 3 Cherechedzai iye akatsunga pakupikiswa kwakadai
navatadzi, kuti imi muregе kuneta nokupera simba mumwoyo menyu.
4 Mukurwa kwenyu nechivi, hamusati madzivisa kusvikira pakubuda
ropa. 5 Uye makanganwa shoko rokukurudzira rinotaura kwamuri
savanakomana richiti:

“Mwanakomana wangu, usazvidza kuranga kwaShe,
uye usaora mwoyo kana uchirangwa naye,
6 nokuti Ishe anoranga uyo waanoda,
uye anorova munhu wose waanogamuchira somwanakomana.”

7 Tsungai pamatambudziko sokurangwa; Mwari anokubatai imi sa-
vanakomana. Nokuti ndoupiko mwanakomana asingarangwi nababa
vake? 8 Kana musingarangwi (vamwe vose vachirangwa), naizvozvo muri
vana vasiri chaivo uye hamusi vanakomana vechokwadi. 9 Uyezve, isu
tose tina madzibaba edu epanyama anotiranga uye tinovakudza nokuda
kwaizvozvo. Ko, tingazviisa zvikuru sei pasi paBaba vemweya yedu
tigorarama! 10 Madzibaba edu aitiranga kwenguva duku sezvavaifunga
kuti zvakafanira; asi Mwari anotiranga kuti zvitibatsire, kuti tigogoverwa
utsvene hwake. 11 Hakuna kurangwa kunofadza panguva yacho, asi
kuti kunorwadza. Asi, zvisinei, pashure kunobereka gohwo rokururama
norugare kuna avo vakadzidziswa nako.
12 Naizvozvo, simbisai maoko akaneta namabvi anoshayiwa simba.
13 “Gadzirirai tsoka dzenyu nzira dzakarurama,” kuitira kuti anokamhina
arege kuva akaremara, asi kuti aporeswe.

*Yambiro pamusoro poKuramba Mwari*

14 Itai zvose zvamungagona kuti muve vatsvene; pasina utsvene
hapana munhu achaona Ishe. 15 Chenjerai kuti kurege kuva nomunhu
anorasikirwa nenyasha dzaMwari kuitira kuti mudzi wokuvava urege
kumera kuti ugotambudza uye ugosvibisa vazhinji. 16 Chenjerai kuti
kurege kuva nevanoita upombwe, kana nousina umwari saEsau, uyo
akatengesa nhaka youdangwe hwake nokuda kwokudya kamwe chete.
17 Nokuti sezvamunoziva kuti pashure akati oda kugamuchira nhaka
yokuropafadzwa, akarambwa. Nokuti haana kutendeuka, kunyange zvake
akatsvaka mukomborero uyo nemisodzi.
18 Hamuna kumboswedera kugomo ringabatwa namaoko uye rinopfuta
nomoto; kurima, kukusviba uye nokudutu guru; 19 kukurira kwe-
hwamanda kana inzwi rinotaura mashoko zvokuti vaya vakarinzwa
vakakumbirisa kuti varege kuudzwazve rimwe shoko, 20 nokuti

vakanga vasingagoni kutakura zvakanga zvarayirwa sokuti: “Kunyange
kana mhuka ipi zvayo ikabata gomo, inofanira kutakwa namabwe.”
21 Chakaonekwa chaityisa zvokuti Mozisi akati, “Ndiri kudedera nokutya.”
22 Asi mauya kuGomo reZioni, kuJerusarema rokudenga, guta raMwari
mupenyu. Mauya kuzviuru nezviuru zvavatumwa vari paungano yomu-
faro, 23 kukereke yamatangwe, vane mazita akanyorwa kudenga. Mauya
kuna Mwari, mutongi wavanhu vose, kumweya yavanhu vakarurama
vakakwaniswa, 24 kuna Jesu murevereri wesungano itsva, uye kuropa
rakasaswa rinotaura zviri nani pane raAbheri.
25 Chenjerai kuti muregе kuramba iye anotaura. Kana ivo vasina
kupunyuka pavakaramba iye akavayambira panyika, ko, kuzoti isu kana
tikatsauka kubva kwaari anotiyambira kubva kudenga? 26 Panguva
iyo inzwi rake rakazungunusa nyika, asi zvino akativimbisa, achiti,
“Ndichazungunusazve kamwe chete, kwete nyika chete, asi nedengawo.”
27 Mashoko okuti, “Kamwe chetezve” anoratidza kubviswa kwezvinhu
zvinogona kuzungunuswa, izvo zvinhu zvakasikwa, kuitira kuti zvisingag-
oni kuzungunuswa zvirambe zviripo.
28 Naizvozvo, zvatinogamuchira ushe husingagoni kuzungunuswa,
ngativongei, uye tinamate Mwari zvinogamuchirika, tichimukudza uye
tichimutya, 29 nokuti “Mwari wedu moto unoparadza.”

# 13

*Mashoko Okupedzisira*

1 Rambai mune rudo pakati penyu sehama. 2 Musakanganwa
kuitira vaeni rudo, nokuti vamwe mukuita izvi vakashumira vatumwa
vasingazvizivi. 3 Rangarirai vaya vari mutorongo somunenge maka-
sungwa pamwe chete navo, uye navaya vanoitirwa zvakaipa sokunge imi
pachenyu ndimi muri kutambudzwa.
4 Kuwanana ngakukudzwe navose, uye nhoo yewanano ngairege
kusvibiswa, nokuti Mwari achatonga mhombwe navose vanofeva.
5 Musakarira mari pamagariro enyu uye mugutsikane nezvamunazvo,
nokuti Mwari akati:
“Handingatongokusiyei;
handingatongokurasei.”
6 Saka tinotsunga mwoyo, tichiti:
“Ishe ndiye mubatsiri wangu, handingatyi.
Munhu angandiiteiko?”
7 Rangarirai vatungamiri venyu vakakuparidzirai shoko raMwari.
Cherechedzai kuguma kwokufamba kwavo muupenyu mugotevera ku-
tenda kwavo. 8 Jesu Kristu anogara akadaro zuro nanhasi nokusingaperi.
9 Musatorwa nedzidziso dzimwe dzose dzose dzisingazivikanwi.
Zvakanaka kuti mwoyo yedu isimbiswe nenyasha, kwete nezvokudya
zvemitambo, zvisina kubatsira vaya vakazvidya. 10 Tine aritari isingaten-
derwi vanoshumira patabhenakeri kuti vadyepo.
11 Muprista mukuru anopinda neropa remhuka muNzvimbo Tsvene-
tsvene sechipiriso chechivi, asi mitumbi yacho inopisirwa kunze
kwomusasa. 12 Uye naizvozvo Jesu akatambudzikawo ari kunze kwesuo
reguta kuti aite kuti vanhu vave vatsvene kubudikidza neropa rake.
13 Naizvozvo, ngatiendei kwaari kunze kwomusasa, titakure kunyadziswa
kwake. 14 Nokuti pano hatina guta ratichagara, asi isu tinotsvaka richauya.

15 Naizvozvo, kubudikidza naJesu ngatirambei tichipa kuna Mwari chibayiro chokumurumbidza, ndicho chibayiro chemiromo inopupura zita
rake. 16 Uye musakanganwa kuita zvakanaka nokugoverana navamwe,
nokuti Mwari anofadzwa nezvibayiro zvakadai. 17 Teererai vatungamiri venyu, muzviise pasi pavo nokuti vanochengeta mweya yenyu, savanhu vachazobvunzwa pamusoro penyu. Vateererei kuitira kuti basa ravo rive mufaro, kwete mutoro, nokuti izvozvo hazvingakubatsirei chinhu.
18 Tinyengeterereiwo. Tine chokwadi chokuti tine hana yakanaka uye
tinoda kufamba zvakanaka pazvinhu zvose. 19 Ndinokukumbirai zvikuru kuti munyengetere, kuti ndigokurumidza kudzoserwa kwamuri.

20 Mwari worugare, akadzosa kubva kuvakafa Ishe wedu Jesu iye mufudzi mukuru wamakwai, kubudikidza neropa resungano isingaperi,
21 ngaakukwanisei nezvinhu zvose zvakanaka kuti muite kuda kwake, uye ngaaite mukati medu zvinhu zvinomufadza, nokuna Kristu Jesu, ngaave nokubwinya nokusingaperi-peri. Ameni.

22 Hama dzangu ndinokurayirai kuti mutende shoko rangu rokurayira, nokuti ndakunyorerai tsamba duku.

23 Ndinoda kuti muzive kuti hama yedu Timoti akasunungurwa. Kana akakurumidza kusvika, ndichauya naye kuzokuonai.

24 Kwazisai vatungamiri venyu vose uye navanhu vose vaMwari.
VokuItaria vanokukwazisai.

25 Nyasha ngadzive nemi mose.

# JAKOBHO

1 Jakobho, muranda waMwari nowaIshe Jesu Kristu, kumarudzi gumi
namaviri akapararira pakati pendudzi:

Kwaziwai.

### *Kutambudzwa neMiedzo*

2 Hama dzangu, muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo
mizhinji yemhando dzose, 3 nokuti munoziva kuti kuedzwa kwokutenda
kwenyu kunobereka kutsungirira. 4 Kutsungirira kunofanira kupedza
basa rako kuitira kuti imi mukure uye muve vakakwana, musingashayiwi
chinhu. 5 Kana mumwe wenyu achishayiwa uchenjeri, ngaakumbire kuna
Mwari, anopa zvakawanda kuna vose asingatsvaki mhosva, uye achapiwa
hake. 6 Asi paanokumbira, anofanira kutenda asinganyunyuti, nokuti
uyo anonyunyuta akaita sefungu regungwa, rinosundwa uye rinomutswa-
mutswa nemhepo. 7 Munhu uyu ngaarege kufunga kuti achagamuchira
chinhu chipi zvacho kubva kuna She; 8 munhu ane mwoyo miviri,
anongoshanduka-shanduka mune zvose zvaanoita.

9 Hama iri panzvimbo yokuninipiswa ngaifare muchinzvimbo chayo
chokukudzwa. 10 Asi mupfumi anofanira kufara muchinzvimbo chokud-
eredzwa kwake, nokuti achapfuura seruva romusango. 11 Nokuti zuva
rinobuda nokupisa kwakanyanya rigoomesa uswa; ruva rahwo rinodonha
uye kunaka kwaro kwoparadzwa. Nenzira imwe cheteyo, mupfumi
achasvava kunyange achiri kuita basa rake.

12 Akaropafadzwa munhu anotsunga pakuedzwa, nokuti paanokunda,
achapiwa korona youpenyu yakavimbiswa naMwari kuna avo vanomuda.

13 Pamunenge muchiedzwa, ngakurege kuva nomunhu anoti, "Mwari
ari kundiedza." Nokuti Mwari haagoni kuedzwa nechakaipa, uye haaedzi
munhu; 14 asi mumwe nomumwe anoedzwa paanenge achikwevewa
nokuchiva kwake kwakaipa uye achinyengerwa. 15 Ipapo kuchiva
kukange kwaumbwa kunobereka chivi; uye chivi, chikange chakura
kwazvo, chinobereka rufu.

16 Musanyengerwa, hama dzangu dzinodikanwa. 17 Chipo chose
chakanaka uye chakakwana chinobva kumusoro kudenga, chinoburuka
chichibva kuna Baba wezviedza zvokudenga, asingashanduki semimvuri
inopinduka. 18 Akasarudza kutibereka kubudikidza neshoko rechokwadi,
kuti tive mhando yechibereko chokutanga chezvisikwa zvake.

### *Kunzwa noKuita*

19 Hama dzangu dzinodikanwa, cherechedzai izvi: Munhu mumwe no-
mumwe anofanira kukurumidza kunzwa, kunonoka kutaura nokunonoka
kutsamwa, 20 nokuti kutsamwa kwomunhu hakuuyisi upenyu hwakaru-
rama hunodikanwa naMwari. 21 Naizvozvo, bvisai tsvina yose
uye nokuipa kwakawanda, mugogamuchira nokuzvininipisa, shoko
rakasimwa mamuri, rinogona kukuponesai.

22 Musangova vanzwi veshoko bedzi, uye nokudaro muchizvinyengera.
Itai zvarinoreva. 23 Ani naani anoteerera kushoko asi asingaiti zvari-
noreva akaita somunhu anotarira chiso chake muchionioni 24 uye,

mushure mokuzvitarira, anoenda uye nokukurumidza anokanganwa kuti
anoratidzika sei. 25 Asi munhu anonyatsotarisa mumurayiro wakakwana
uyo unopa rusununguko, uye achiramba achiita izvozvo, asingakanganwi
zvaanzwa, asi achizviita, acharopafadzwa pane zvaanoita.

26 Kana munhu upi zvake achizviti akarurama uye asingachengeti
rurimi rwake zvakasimba, anozvinyengera uye chinamato chake hachina
maturo. 27 Kunamata kunodikanwa naMwari Baba vedu kwakachena, uye
kusina chakungapomerwa ndokuku: kuchengeta nherera nechirikadzi
mukutambudzika kwavo uye nokuzvichengeta kuti urege kusvibiswa
nenyika.

# 2

### *Kutsaura Vanhu Kunorambidzwa*

1 Hama dzangu, savatendi muna Ishe wedu wokubwinya iye Jesu Kristu,
musava vatsauri vavanhu. 2 Kana mumwe munhu akauya akapinda
mumusangano wenyu akapfeka mhete yegoridhe nenguo dzakaisvonaka,
uye murombo akapfeka mamvemve akapindawo, 3 kana mukaremekedza
munhu akapfeka nguo dzakaisvonaka muchiti, "Hechi chigaro chenyu
chakanaka," asi kumurombo mukati, "Iwe mira apo," kana kuti "Gara
pasi, patsoka dzangu," 4 hamuna kutsaura here pakati penyu uye mukava
vatongi vane ndangariro dzakaipa?

5 Inzwai, hama dzangu dzinodikanwa: Ko, Mwari haana kusarudza
varombo venyika ino kuti vave vapfumi mukutenda uye kuti vagare
nhaka youmambo hwaakavimbisa avo vanomuda here? 6 Asi imi
makazvidza varombo. Ko, havasi vapfumi vanokubirai here? Havazi ivo
vanokuendesai kumatare edzimhosva here? 7 Havazi ivo vanomhura zita
rinokudzwa raiye wamuri vake here?

8 Kana muchichengeta muchokwadi murayiro woushe unowanikwa
muRugwaro, unoti: "Ida muvakidzani wako sezvaunozvida iwe," munoita
zvakanaka. 9 Asi kana muchitsaura vanhu, muri kutadza uye munotongwa
nomurayiro savadariki vomurayiro. 10 Nokuti ani naani anochengeta
murayiro wose asi achigumburwa pachinhu chimwe chete ane mhosva
yokuputsa murayiro wose. 11 Nokuti iye akati, "Usaita upombwe,"
ndiyewo akati, "Usauraya." Kana usingaiti upombwe asi uchiuraya, wava
mudariki womurayiro.

12 Taurai uye muchiita saavo vachazotongwa nomurayiro unopa rusu-
nunguko, 13 nokuti kutonga kusinganzwiri ngoni kucharatidzwa kumunhu
upi zvake akanga asinganzwiri ngoni. Ngoni dzinokunda kutonga!

### *Kutenda naMabasa*

14 Zvinobatsirei, hama dzangu, kana munhu achiti ano kutenda asi
asina mabasa? Kutenda kwakadaro kungamuponesa here? 15 Kana
hama kana hanzvadzi ikashayiwa zvokufuka nezvokudya zvezuva rimwe
nerimwe, 16 uye mumwe wenyu akati, "Endai henyu, mufambe zvakanaka;
mudziyirwe uye mugute," asi asina chinhu chaamuitira chinodikanwa
nomuviri wake, zvakanaka here izvozvo? 17 Saizvozvowo, kutenda kwoga,
kana kusina basa, kwakafa.

18 Asi mumwe achati, "Iwe une kutenda; ini ndine mabasa."

Ndiratidze kutenda kwako kusina mabasa, uye ini ndichakuratidza
kutenda kwangu nezvandinoita. 19 Iwe unotenda kuti kuna Mwari

mumwe. Zvakanaka! Kunyange madhimoni anotenda izvozvo, uye
achidedera.
[20] Iwe benzi, unoda kuona kuti kutenda kusina mabasa hakuna maturo
here? [21] Tateguru wedu Abhurahama haana kunzi akarurama here
nokuda kwezvaakaita paakapa mwanakomana wake Isaka paaritari?
[22] Unoona kuti kutenda kwake uye namabasa ake zvaibata pamwe
chete, uye kutenda kwake kukazadziswa nezvaakaita. [23] Uye Rugwaro
rwakazadziswa runoti, "Abhurahama akatenda Mwari zvikaverengerwa
kwaari kuti ndiko kururama," uye akanzi shamwari yaMwari. [24] Unoona
kuti munhu anoruramisirwa nokuda kwezvaanoita, kwete nokutenda
bedzi.
[25] Saizvozvowo, Rahabhi chifeve haana kunzi akarurama nokuda
kwezvaakaita paakapa vasori imba uye akazovaendesa neimwe nzira
here? [26] Sezvo muviri usina mweya wakafa, saizvozvo kutenda kusina
mabasa kwakafa.

# 3

*Kudzora Rurimi*
[1] Vazhinji venyu havafaniri kuva vadzidzisi, hama dzangu, nokuti
munoziva kuti isu tinodzidzisa tichatongwa zvikuru. [2] Tose tinogumbuswa
munzira dzakawanda. Kana pano munhu asingatongokanganisi paku-
taura kwake, iye munhu akakwana, anogona kudzora muviri wake wose.
[3] Patinoisa matomu mumiromo yamabhiza tichiaita kuti atiteerere,
tinogona kudzora muviri wose wechipfuwo. [4] Kana kuti ngatitorei zvikepe
somuenzaniso. Kunyange zvakakura sei uye zvichisundwa nemhepo
ine simba, zvinofambiswa nechifambiso chiduku duku kwose kwose
kunodiwa kuendwa nomuchairi. [5] Saizvozvo, rurimi mutezo muduku
womuviri, asi runozvikudza zvikuru. Cherechedzai kukura kwesango
rinopiswa nebari duku romoto. [6] Rurimi motowo, inyika yezvakaipa
pakati pemitezo yomuviri. Runoodza muviri wose, runotungidza nzira
yose youpenyu hwomunhu nomoto, uye irwo pacharwo runotungidzwa
neGehena.
[7] Marudzi ose emhuka, eshiri, ezvinokambaira neezvisikwa zvomu-
gungwa zvinopingudzwa uye zvakambopingudzwa navanhu, [8] asi hakuna
munhu anogona kupingudza rurimi. Ndirwo chinhu chakaipa chisinga-
zorori, chizere nomuchetura unouraya.
[9] Narwo tinorumbidza Ishe wedu naBaba vedu, uye narwo tinotuka
vanhu, vakaitwa nomufananidzo waMwari. [10] Mumuromo mumwe chete
imomo munobuda kurumbidza nokutuka. Hama dzangu, hazvifaniri
kudaro. [11] Ko, mvura yakanaka neinovava ingabuda mutsime rimwe
chete here? [12] Hama dzangu, muonde ungabereka maorivhi kana
muzambiringa maonde here? Kunyange tsime rinovava haringabudisi
mvura yakanaka.

*Mhando Mbiri dzoUchenjeri*
[13] Ndiani akachenjera uye anonzwisisa pakati penyu? Ngaazvi-
ratidze noupenyu hwake hwakanaka, namabasa anoitwa nokuzvininipisa
kunobva pauchenjeri. [14] Asi kana muchipfimbika godo rinovava norukave
mumwoyo yenyu, musazvikudza pamusoro pazvo kana muchiramba
chokwadi. [15] "Kuchenjera" kwakadaro hakuburuki kuchibva kudenga asi
ndokwenyika, hakuzi kwomweya, ndokwadhiabhori. [16] Nokuti pane godo
norukave, ndipo pamunowana nyonganiso namabasa ose akaipa.

17 Asi uchenjeri hunobva kudenga pakutanga kwezvose, hwakachena;
uye hunofarira rugare, hune hanya, hunozviisa pasi, huzere nengoni
uye hune zvibereko zvakanaka, hahutsauri vamwe uye hwakatendeka.
18 Vayananisi vanodyara murugare vanowana gohwo rokururama.

# 4

*Zviisei pasi paMwari*

1 Kurwa nokukakavara pakati penyu kunobvepiko? Hakubvi pakuchiva
kwenyu kunorwa mukati menyu here? 2 Munoda chimwe chinhu
asi hamuchiwani. Munouraya uye munochiva, asi hamugoni kuwana
zvamunoda. Munokakavadzana uye munorwa. Hamuna chinhu,
nokuti hamukumbiri Mwari. 3 Pamunokumbira, hamugamuchiri, nokuti
munokumbira zvakaipa, kuti mugoshandisa zvamunowana pamafaro
enyu.
4 Imi vanhu voupombwe, hamuzivi kuti ushamwari nenyika hunoven-
gana naMwari here? Ani naani anosarudza kushamwaridzana nenyika
anova muvengi waMwari. 5 Munofunga kuti Rugwaro runotaura pasina
here kuti mweya waakaita kuti ugare matiri unotishuva negodo guru?
6 Asi anotipa nyasha zhinji. Ndokusaka Rugwaro ruchiti:
"Mwari anodzivisa vanozvikudza,
asi anopa nyasha kuna vanozvininipisa."
7 Zviisei zvino, pasi paMwari. Dzivisai dhiabhori, uye achatiza kwamuri.
8 Swederai kuna Mwari uye iye achaswedera kwamuri. Shambai maoko
enyu, imi vatadzi, uye munatse mwoyo yenyu, imi vane mwoyo miviri.
9 Chemai, murire uye muungudze. Shandurai kuseka kwenyu kuve
kuchema uye mufaro wenyu uve kusuwa. 10 Zvininipisei pamberi paIshe,
agokusimudzirai.
11 Hama dzangu, musarevana. Ani naani anoreva hama yake kana
kumutonga anotaura achirwa nomurayiro uye achiutonga. Kana uchi-
tonga murayiro, iwe hauzi kuuchengeta, asi ugere uchitonga uri pauri.
12 Panongova noMupi woMurayiro noMutongi mumwe chete, iye anok-
wanisa kuponesa kana kuparadza. Asi iwe, ndiwe aniko kuti utonge
muvakidzani wako?

*Kuzvirumbidza pane Ramangwana*

13 Zvino teererai, imi munoti, "Nhasi kana mangwana tichaenda kuguta
iri kana iro, tinopedza gore tiriko, tichiita basa uye tichiwana mari."
14 Asi, imi hamutongozivi zvichaitika mangwana. Upenyu hwenyu chiiko?
Muri mhute inoonekwa nguva duku uye ipapo yonyangarika. 15 Asi,
munofanira kuti, "Kana Ishe achida, tichararama tigoita ichi nechocho."
16 Asi zvino munozvikudza uye mune manyawi. Kuzvikudza kwakadaro
kwakaipa. 17 Ani naani, zvino, anoziva zvakanaka zvaanofanira kuita
akasazviita, ari kutadza.

# 5

*Yambiro kuVapfumi*

1 Zvino inzwai, imi vapfumi, chemai muungudze nokuda kwenjodzi
iri kuuya pamusoro penyu. 2 Upfumi hwenyu hwaora, uye nguo
dzenyu dzakadyiwa nezviundudzi. 3 Goridhe renyu nesirivha zvava
nengura. Ngura yazvo ichakupupurirai zvakaipa uye zvichapedza nyama

yenyu somoto. Makazvichengetera upfumi mumazuva okupedzisira.
4 Tarirai mibayiro yamakatadza kupa vashandi venyu vaicheka muminda
yenyu iri kudanidzira pamusoro penyu. Kuchema kwavacheki kwasvika
munzeve dzaIshe Wamasimba Ose. 5 Makararama mumafaro panyika
uye muchizvikudza. Makakodza mwoyo yenyu pazuva rokuzvibaya.
6 Makatonga uye mukaponda vanhu vasina mhosva, vakanga vasingapik-
isani nemi.

### *Mwoyo Murefu muKutambudzika*

7 Zvino, hama dzangu, ivai nomwoyo murefu, kusvikira pakuuya
kwaShe. Tarirai mamiriro anoita murimi kuti aone chibereko chi-
nokosha chenyika uye kuti anoita mwoyo murefu sei pakumirira kwake
mvura yomunakamwe nemvura yamasutso. 8 Nemiwo, ivai nomwoyo
murefu uye mumire nesimba, nokuti kuuya kwaShe kwava pedyo.
9 Musanyunyutirana, hama dzangu, kuti murege kutongwa. Mutongi
amire pamusuo!
10 Hama dzangu, somuenzaniso womwoyo murefu pakutambudzika,
tarirai vaprofita vakataura muzita raShe. 11 Sezvamunoziva, tinoti
vakaropafadzwa avo vakatsungirira. Makanzwa zvokutsungirira kwa-
Jobho uye makaona zvakaitwa naIshe pakupedzisira. Ishe azere netsitsi
nengoni.
12 Pamusoro pazvo zvose, hama dzangu, musapika, nedenga kana
nenyika kana nechimwe chinhu zvacho. "Hongu" yenyu ngaive hongu,
uye "Kwete" yenyu ngaive kwete, kuti muregе kutongwa.

### *Munyengetero woKutenda*

13 Kuno mumwe wenyu anotambudzika here? Ngaanyengetere. Kuno
mumwe anofara here? Ngaaimbe nziyo dzokurumbidza. 14 Kuno
mumwe wenyu anorwara here? Ngaadane vakuru vekereke kuti va-
zomunyengeterera uye vagomuzodza mafuta muzita raIshe. 15 Uye
munyengetero unoitwa mukutenda uchaita kuti munhu anorwara apore;
Ishe achamumutsa. Kana akatadza, acharegererwa. 16 Naizvozvo
reururai zvivi zvenyu mumwe kuno mumwe uye munyengetererane
kuti mugoporeswa. Munyengetero womunhu akarurama une simba uye
unoshanda.
17 Eria akanga ari munhu sesu. Akanyengetera zvine simba kuti
kurege kunaya, uye hakuna kunaya panyika kwamakore matatu nehafu.
18 Uyezve, akanyengetera, denga rikanayisa mvura, nyika ikabereka
zvibereko zvayo. 19 Hama dzangu, kana mumwe wenyu akatsauka kubva
pachokwadi uye mumwe akamudzora, 20 murangarire izvi kuti: Ani
naani anodzora mutadzi kubva panzira yokudarika kwake, achamuponesa
kubva parufu uye achafukidza zvivi zvizhinji.

# 1 PETRO

1 Petro, mupostori waJesu Kristu, kuvasanangurwa vaMwari, vatorwa
munyika, vakapararira muPondasi yose, neGaratia, neKapadhokia, Ezhia
neBhitinia, 2 vakasarudzwa maererano nokuziva zviri mberi kunoita
Mwari Baba, kubudikidza nebasa roMweya rokuvaita vatsvene, kuti
vateerere kuna Jesu Kristu nokusaswa neropa rake:

Nyasha norugare ngazviwande kwamuri.

### *Mwari ngaarumbidzwe nokuda kweTariro ine Upenyu*

3 Mwari, Baba vaIshe wedu Jesu Kristu, ngaarumbidzwe! Nengoni
dzake huru, akatibereka patsva akatipinza mutariro mhenyu noku-
muka kwaJesu Kristu kubva kuvakafa, 4 akatiisa munhaka isingagoni
kuparara, isingaori kana kusvava, yamakachengeterwa kudenga, 5 imi
munodzivirirwa nesimba raMwari nokutenda kusvikira ruponeso rwauya
rwakagadzirirwa kuti ruratidzwe munguva dzokupedzisira. 6 Mune izvi
munofara zvikuru kunyange zvino, kana zvichifanira, muchitambudzika
kwechinguva chiduku nenzira dzose dzemiedzo. 7 Izvi zvakauya kuitira
kuti kutenda kwenyu, kunokosha kupfuura goridhe, rinoparara kunyange
zvaro rakanatswa nomoto, kuwanikwe kwakakwana uye kuve kuno-
rumbidzwa, kunobwinya uye kunokudzwa pakuratidzwa kwaJesu Kristu.
8 Kunyange musina kumuona, munomuda; kunyange zvazvo musinga-
muoni zvino, munotenda kwaari uye muzere nomufaro usingagoni
kurondedzerwa, 9 nokuti muri kugamuchira chinovavarirwa nokutenda
kwenyu, irwo ruponeso rwemweya yenyu.

10 Nezvoruponeso urwu, vaprofita vakataura nezvenyasha dzaizouya
kwamuri, vakanzvera zvikuru uye vakabvunza zvikuru, 11 vachiedza
kunzvera kuti vaone nguva nezvinhu zvairatidzwa noMweya wakanga
uri mukati mavo pawakaprofita nezvokutambudzika kwaKristu, uye
nezvokubwinya kwaizotevera. 12 Zvakaratidzwa kwavari kuti vakanga
vasingazvishumiri ivo, asi imi, pavakataura nezvezvinhu zvakataurwa
kwamuri zvino naavo vakaparidza vhangeri kwamuri noMweya Mutsvene
wakatumwa uchibva kudenga. Kunyange vatumwa vanoshuva kuona
zvinhu izvozvi.

### *Ivai Vatsvene*

13 Naizvozvo, pfungwa dzenyu ngadzigadzirire kushanda, muzvidzore;
muise, zvizere, tariro yenyu panyasha dzamuchapiwa pakuonekwa kwa-
Jesu Kristu. 14 Savana vanoteerera, musaenzaniswa nezvido zvakaipa
zvamaiva nazvo pamairarama mukusaziva. 15 Asi saiye akakudanai
mutsvene, ivai vatsvene pane zvose zvamunoita; 16 nokuti kwakanyorwa
kuchinzi: "Ivai vatsvene, nokuti ini ndiri mutsvene."

17 Sezvo muchidana kuna Baba vanotonga basa romunhu mumwe
nomumwe vasingatsauri, mugare upenyu hwenyu pano savatorwa mu-
chitya. 18 Nokuti munoziva kuti hamuna kudzikinurwa nezvinhu zvi-
noora, zvakadai sesirivha kana goridhe, kubva paupenyu hwenyu husina
maturo, hwamakagamuchira kubva kumadzitateguru enyu, 19 asi neropa
rinokosha raKristu, iro gwayana risina charingapomerwa uye risina

kuremara. [20] Akasanangurwa kare nyika isati yavapo, asi akaratidzwa
kwamuri mumazuva ano okupedzisira nokuda kwenyu. [21] Kubudikidza
naye munotenda kuna Mwari, akamumutsa kubva kuvakafa uye aka-
mukudza, kuti kutenda kwenyu netariro yenyu zvive muna Mwari.
[22] Zvino zvamakanatsa mwoyo yenyu nokuteerera chokwadi kuitira
kuti mude hama muzvokwadi, munofanira kudanana zvikuru, zvichibva
pamwoyo. [23] Nokuti makaberekwa patsva, kwete nembeu inoora, asi
isingaori, neshoko raMwari benyu uye rinogara nokusingaperi. [24] Nokuti,
"Vanhu vose vakaita souswa,
uye kuyevedza kwavo kwakaita samaruva ouswa;
uswa hunosvava uye maruva anowira pasi,
[25] asi shoko raShe rinogara nokusingaperi."
Uye iri ndiro shoko ramakaparidzirwa.

# 2

[1] Naizvozvo, muzvidzore pane zvakaipa zvose namanomano ose, nokun-
yengera, negodo, nokureva kwose. [2] Savacheche vachangoberekwa, pan-
gai mukaka wakachena womweya, kuti mugokuriswa nawo muruponeso
rwenyu, [3] sezvo makaravira zvino kuti Ishe akanaka.

### *Ibwe Benyu naVanhu Vakasanangurwa*

[4] Sezvamunouya kwaari, iye Ibwe Benyu, rakarambwa navanhu asi
rakasarudzwa naMwari uye rinokosha kwaari, [5] nemiwo, samabwe
mapenyu, muri kuvakwa muimba yomweya kuti muve uprista hutsvene
muchipa zvibayiro zvomweya zvinogamuchirwa kuna Mwari kubudikidza
naJesu Kristu. [6] Nokuti muRugwaro zvinonzi:
"Tarirai, ndakaisa ibwe muZioni,
ibwe rakasanangurwa, rinokosha,
uye munhu anovimba naye
haatongonyadziswi."
[7] Zvino kunemi vanotenda, iri ibwe rinokosha. Asi kuna avo vasingatendi,
"Ibwe rakaraswa navavaki
ndiro rava musoro wekona,"
[8] uye,
"Ibwe rinogumbusa vanhu
nedombo rinoita kuti vawe."
Vanogumburwa nokuti havateereri shoko, zvinova ndizvo zvavakatemer-
wawo.
[9] Asi imi muri vanhu vakasanangurwa, uprista hwamambo, rudzi
rutsvene, vanhu vaMwari chaivo, vaakadana kuti muparidze kunaka
kwaiye akakudanai kuti mubve murima, muuye muchiedza chake chi-
noshamisa. [10] Kare makanga musiri vanhu, asi zvino mava vanhu
vaMwari; kare makanga musinganzwirwi ngoni, asi zvino makaga-
muchira ngoni.
[11] Vadikani, ndinokukurudzirai, savatorwa navaeni munyika, kuti
muzvidzore pakuchiva kwenyama, kunorwa nomweya wenyu. [12] Mugare
upenyu hwakanaka pakati pavahedheni kuti, kunyange vachikupomerai
mhosva, vaone mabasa enyu akanaka vagokudza Mwari pazuva raanotis-
hanyira.

### *Kuzviisa pasi paVatongi naVanatenzi*

[13] Muzviise pasi pamasimba ose akagadzwa pakati penyu navanhu
nokuda kwaIshe: angava mambo, saiye mutongi mukuru, [14] kana

vabati, vakatumwa naye kuti vazoranga vaya vanoita zvakaipa uye kuti
varumbidze vaya vanoita zvakanaka. [15] Nokuti kuda kwaMwari kuti,
nokuita zvakanaka, muchanyaradza kusaziva kwamapenzi. [16] Garai
savanhu vakasununguka, asi musingaiti kuti kusununguka kwenyu kuve
chifukidzo chezvakaipa; garai savaranda vaMwari. [17] Kudzai vanhu vose
norukudzo chairwo: Idai hama dzose, ityai Mwari, kudzai mambo.

[18] Varanda, zviisei pasi pavatenzi venyu nokukudza kwose, kwete kuna
avo vakanaka navane hanya bedzi, asi nokuna vayawo vane hasha.
[19] Nokuti zvinorumbidzwa kana munhu achitsungirira ari pasi pokur-
wadziwa nokutambudzika kusakafanira nokuti anoziva kuti Mwari ariko.
[20] Asi mungarumbidzwa sei kana muchirohwa nokuda kwokuita zvakaipa
uye muchitsunga mazviri? Asi kana muchitambudzika nokuda kwokuti
munoita zvakanaka uye muchitsunga mazviri, izvozvo zvinorumbidzwa
pamberi paMwari. [21] Makadanirwa izvozvi, nokuti Kristu akatambudzika
nokuda kwenyu, akakusiyirai muenzaniso, kuti mutevere makwara ake.
[22] "Haana kutadza,
uye kunyengera hakuna kuwanikwa mumuromo make."
[23] Pavakamutuka, haana kudzorera; paakatambudzika, haana kuty-
isidzira. Asi, akazviisa kuna iye anotonga nokururama. [24] Iye pachake
akatakura zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuitira kuti isu tife kuzvivi
tigorarama zvakarurama; namavanga ake imi makaporeswa. [25] Nokuti imi
makanga makaita samakwai akarasika, asi zvino madzokera kuMufudzi
noMutariri wemweya yenyu.

# 3

*Vakadzi naVarume*

[1] Saizvozvo nemiwo vakadzi, muzviise pasi pavarume venyu kuitira
kuti, kana vamwe vavo vasingatendi shoko, vangadzorwa namafambiro
avakadzi vavo pasina shoko rarehwa, [2] pavanoona kuchena nokure-
mekedzwa kwoupenyu hwenyu. [3] Runako rwenyu ngarurege kubva
pakushonga kwokunze, kwakadai sebvudzi rakarukwa uye nokushonga
zvishongo zvegoridhe nenguo dzakaisvonaka. [4] Asi, runofanira kuva
rwomunhu womukati, iko kunaka kusingaori kwounyoro nekwomweya
wakapfava, kunova ndiko kunokosha pamberi paMwari. [5] Nokuti
vaizvishongedza saizvozvi vakadzi vatsvene vakare avo vaiisa tariro yavo
muna Mwari. Vakanga vachizviisa pasi pavarume vavo chaivo, [6] saSara,
akateerera Abhurahama akamuti ishe wake. Muri vanasikana vake kana
muchiita zvakanaka uye musingapi kutya nzvimbo.

[7] Saizvozvo, varume, garai zvakanaka navakadzi venyu, uye muvabate
norukudzo somudziyo usina simba uye savadyi venhaka pamwe chete
nemi, yechipo chinokosha choupenyu, kuti parege kuva nechinodzivisa
minyengetero yenyu.

*Kutambudzika nokuda kwoKuita Zvakanaka*

[8] Pakupedzisira, imi mose, mugare norugare mumwe nomumwe
wenyu; munzwirane ngoni, mudanane sehama, munzwirane tsitsi uye
muzvininipise. [9] Regai kudzorera chakaipa nechakaipa kana kutuka
nokutuka, asi namaropafadzo, nokuti ndizvo zvamakadanirwa izvozvo
kuitira kuti mugare nhaka yokuropafadzwa. [10] Nokuti,
"Uyo anoda upenyu
kuti agoona mazuva akanaka

anofanira kudzora rurimi rwake pane zvakaipa,
nemiromo yake pakutaura zvinonyengera.
11 Anofanira kudzoka pane zvakaipa agoita zvakanaka;
anofanira kutsvaka rugare agorutevera.
12 Nokuti meso aShe ari pamusoro pavakarurama,
uye nzeve dzake dzakateerera kumunyengetero wavo,
asi chiso chaShe chakanangana navaya vanoita zvakaipa."
13 Ndianiko achakuitirai zvakaipa kana muchishingairira kuita
zvakanaka? 14 Asi kunyange dai mungatambudzika nokuda
kwezvakanaka, makaropafadzwa imi. "Murege kutya zvavanotya ivo;
musavhundutswa." 15 Asi mumwoyo menyu tsaurai Kristu saIshe. Mugare
makazvigadzirira nguva dzose kupindura vose vanokubvunzai pamusoro
petariro yamunayo. Asi muite izvozvo nounyoro uye nokukudza,
16 muchichengeta hana yakachena, kuitira kuti vaya vanotaura zvakaipa
pamusoro pamafambiro enyu akanaka muna Kristu vanyadziswe
pakureva kwavo. 17 Zviri nani, kana kuri kuda kwaMwari, kuti
mutambudzike nokuda kwokuita zvakanaka pano kuti mutambudzike
nokuda kwokuita zvakaipa. 18 Nokuti Kristu akafira zvivi zvavose kamwe
chete; akarurama nokuda kwavasakarurama, kuti akuuyisei kuna Mwari.
Akaurayiwa mumuviri asi akararamiswa noMweya, 19 nawo akaendawo
akandoparidza kumweya yakanga iri mutorongo 20 yakaramba kuteerera
kare Mwari paakanga akamirira nomwoyo murefu mumazuva aNoa,
areka payakanga ichiri kuvakwa. Mairi, vanhu vashoma bedzi, ivo vasere,
vakaponeswa nemvura, 21 uye mvura iyi inofananidzira rubhabhatidzo
runokuponesaiwo zvino, rusingarevi kubviswa kwetsvina yomuviri
asi rubatso rwehana yakanaka kuna Mwari. Inokuponesai nokumuka
kwaJesu Kristu, 22 iye akapinda mudenga uye ari kuruoko rworudyi
rwaMwari, vatumwa namasimba noushe zviri pasi pake.

# 4

*Kuraramira Mwari*

1 Naizvozvo, sezvo Kristu akatambudzika mumuviri wake, nemiwo
muzvishongedze nomurangariro iwoyo, nokuti uyo akatambudzika mu-
muviri wake akarega chivi. 2 Nokuda kwaizvozvo, haagari upenyu
hwake hwose hwapanyika pakuchiva kwavanhu kwakaipa, asi mukuda
kwaMwari. 3 Nokuti nguva yakapfuura yakaringana kare yamakapedza
muchiita kuda kwavahedheni yamairarama muutere, kuchiva, kud-
hakwa, kutamba kwakaipa, kuraradza nokunamata zvifananidzo zvi-
nonyangadza. 4 Vanofunga kuti zvinoshamisa kuti imi hamuchapindi
pamwe chete navo mukurarama kwokusazvidzora kwavo kuzhinji, uye
vanokutukai kwazvo. 5 Asi vachazvidavirira kuna iye akazvigadzirira
kutonga vapenyu navakafa. 6 Nokuti nokuda kwaizvozvi vhangeri
rakaparidzwa kunyange nokuna vakafa, kuitira kuti vagotongwa nomutoo
wavanhu nokuda kwenyama, asi vagorarama nomutoo waMwari nokuda
kwomweya.

7 Kuguma kwezvinhu zvose kwava pedyo. Naizvozvo ndangariro dzenyu
ngadzichene uye muzvidzore kuti mugogona kunyengetera. 8 Pamusoro
paizvozvo zvose dananai norudo rukuru, nokuti rudo runofukidza
zvivi zvizhinji. 9 Muitirane rudo kuno mumwe nomumwe wenyu
musinganyunyuti. 10 Mumwe nomumwe ngaashandise chipo chaanacho

kuti ashandire vamwe, akatendeka muutariri hwenyasha dzaMwari
mukuwanda kwadzo. 11 Kana munhu achitaura, ngaadaro somunhu
anotaura mashoko chaiwo aMwari. Kana munhu achishumira, ngaazvi-
ite nesimba raanopiwa naMwari, kuitira kuti muzvinhu zvose Mwari
arumbidzwe kubudikidza naJesu Kristu. Iye ngaave nokubwinya nesimba
nokusingaperi-peri. Ameni.

### *Kutambudzika nokuda kwokuva muKristu*

12 Vadikani, musashamiswa nokurwadza kwokutambudzika nemiedzo,
sokunge chinhu chisingazivikanwi chaitika kwamuri. 13 Asi farai kuti
munogovana naKristu mumatambudziko, kuitira kuti mufare kwazvo
pakuonekwa kwokubwinya kwake. 14 Kana muchitukwa nokuda kwezita
raKristu, makaropafadzwa, nokuti mweya wokubwinya nowaMwari un-
ogara pamuri. 15 Ngakurege kuva nomumwe wenyu achatambudzika,
nemhaka yokuti imhondi, kana mbavha, kana kuti anoita zvimwe
zvakaipa zvemhando ipi zvayo, kana kusarega zvavamwe. 16 Kunyange
zvakadaro, kana muchitambudzika somuKristu, musanyadziswa, asi
rumbidzai Mwari nokuti mune zita iroro. 17 Nokuti inguva yokuti kutonga
kutange mumba maMwari; uye kana kuchitanga nesu, zvichazoveiko kuna
vaya vasingateereri vhangeri raMwari? 18 Uye,
"Kana zvichiremera akarurama kuti aponeswe,
ko, asingazivi Mwari nomutadzi vachazovei?"
19 Saka zvino, vaya vanotambudzika nokuda kwaMwari vanofanira
kuzviisa kuMusiki wavo akatendeka uye vagoramba vachiita zvakanaka.

## 5

### *Vakuru naVaduku*

1 Kuvakuru vari pakati penyu, ndinokumbira hangu somukuru pamwe
chete nemi, nechapupu chamatambudziko aKristu, uye somumwewo
achazogovana navo mukubwinya kuchazoratidzwa ndichiti: 2 Ivai vafudzi
veboka raMwari riri pasi penyu, muchibata savatariri, musingazvi-
iti nokuroveredzwa, asi nokuda kwokuti munoda, sezvinodikanwa
naMwari kuti muve; musingakariri mari, asi muchishingaira pakushanda;
3 musingaremedzi vaya vakaiswa kwamuri, asi muve muenzaniso kuboka.
4 Uye mufudzi mukuru paachaonekwa, muchapiwa korona yokubwinya
isingaori.
5 Saizvozvo, imi majaya, muzviise pasi pavaya vari vakuru. Imi mose,
pfekai kuzvininipisa kuno mumwe nomumwe, nokuti,
"Mwari anodzivisa vanozvikudza
asi anopa nyasha kuna vanozvininipisa."
6 Naizvozvo, muzvininipise, pasi poruoko rune simba rwaMwari, kuti
agokusimudzirai munguva yakafanira. 7 Kandai paari kufunganya
kwenyu kwose nokuti anokuchengetai.
8 Muzvidzore uye musvinure. Muvengi wenyu dhiabhori anofamba-
famba achiomba seshumba inotsvaka waingadya. 9 Mumudzivise, mumire
makasimba mukutenda, nokuti munoziva kuti hama dzenyu munyika yose
dziri kutambudzika saizvozvo.
10 Uye Mwari wenyasha dzose, akakudanirai kukubwinya kwake
kusingaperi muna Kristu, mushure mokumbotambudzika kwechinguva
chiduku, achakuponesai uye achakusimbisai, agokumisai zvakasimba uye
agokutsigisai. 11 Ngaave nesimba nokusingaperi-peri. Ameni.

*Mashoko Okupedzisira*

12 Ndakakunyorerai muchidimbu ndichibatsirwa naSirasi hama yangu
yakatendeka, ndichikukurudzirai uye ndichipupura kuti idzi ndidzo
nyasha dzaMwari dzechokwadi. Mirai makasimba madziri.

13 Kereke iri muBhabhironi, yakasanangurwa pamwe chete nemi,
inokukwazisai, uye mwanakomana wangu Mako anokukwazisaiwo.
14 Kwazisanai nokutsvodana kworudo.

Rugare kwamuri mose muri muna Kristu.

# 2 PETRO

1 Simoni Petro, muranda nomupostori waJesu Kristu, kuna vaya vakagamuchira kutenda kunokosha sokwedu, kubudikidza nokururama kwaMwari wedu noMuponesi wedu Jesu Kristu:

2 Nyasha norugare ngazvive nemi, zviwande kubudikidza nokuziva kwaMwari nokwaJesu Ishe wedu.

### *Kudanwa kwoMunhu noKusanangurwa Kwake ngakuve kweChokwadi*

3 Simba rake dzvene rakatipa zvinhu zvose zvatinoda zvoupenyu uye
noumwari kubudikidza nokumuziva kwedu iye akatidana nokubwinya
nokunaka kwake chaiko. 4 Kubudikidza naizvozvo, akatipa zvipikirwa
zvake zvikuru kwazvo zvinokosha kuti nazvo, mugone kugoverwa umwari
uye mugotiza kuora kwomunyika kunouyiswa nokuchiva.
5 Nokuda kwaizvozvi, shingairai kuti muwedzere kunaka pakutenda
kwenyu; uye pakunaka, muwedzere kuziva; 6 napakuziva muwedzere
kuzvidzora; napakuzvidzora, muwedzere kutsungirira; napakutsungirira,
muwedzere umwari; 7 napaumwari muwedzere kuda vatendi; napakuda
vatendi, muwedzere rudo. 8 Nokuti kana mune zvinhu izvi, zvichiramba
zvichiwanda, zvichakuitai kuti musava nousimbe uye musashayiwa
zvibereko mukuziva kwenyu Ishe wedu Jesu Kristu. 9 Asi kana munhu
asina zvinhu izvi, anoona zviri pedyo uye ibofu, uye akanganwa kuti iye
akanatswa pazvivi zvake zvakare.
10 Naizvozvo, hama dzangu, shingairai kwazvo kuti muite kuti kudanwa
kwenyu nokusanangurwa kwenyu kusimbe. Nokuti kana muchiita zvinhu
izvi, hamungatongogumburwi, 11 nokuti muchagamuchirwa nomufaro
mukuru muumambo husingaperi hwaIshe noMuponesi wedu Jesu Kristu.

### *Chiprofita choRugwaro*

12 Saka ndicharamba ndichikuyeuchidzai zvinhu izvi, kunyange zvazvo
muchizviziva uye makanyatsosimba muchokwadi chamunacho zvino.
13 Ndinofunga kuti zvakanaka kuti ndimutse ndangariro dzenyu ndichiri
mutende romuviri uno, 14 nokuti ndinoziva kuti ndichakurumidza kuib-
visa, sezvandakaratidzwa pachena naIshe wedu Jesu Kristu. 15 Uye
ndichashingaira kuti ndione kuti shure kwokuenda kwangu mucharamba
muchirangarira zvinhu izvi.
16 Nokuti hatina kutevera ngano dzakarukwa nouchenjeri patakaku-
udzai nezvesimba uye nokuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu, asi takanga tiri
zvapupu zvakaona kubwinya kwake. 17 Nokuti akagamuchira kukudzwa
nokubwinya kwakabva kuna Mwari Baba pakauya inzwi kwaari richibva
kudenga mukubwinya kukuru richiti, "Uyu ndiye Mwanakomana wangu,
wandinoda; wandinofarira kwazvo." 18 Isu pachedu takanzwa inzwi iri
rakabva kudenga patakanga tinaye mugomo dzvene.
19 Uye tine shoko ravaprofita rakasimba kwazvo, uye muchaita
zvakanaka kuti muriteerere, rakaita sechiedza chinovhenekera murima,
kusvikira utonga hwatsvuka uye nyamasase ichibuda mumwoyo yenyu.
20 Pamusoro pazvo zvose, munofanira kunzwisisa kuti hakuna chiprof-
ita choRugwaro chakauya nokungodudzira kwomuprofita pachake oga.

21 Nokuti hakuna chiprofita chakatongouya nokuda kwomunhu, asi vanhu
vakataura zvaibva kuna Mwari vachisundwa noMweya Mutsvene.

# 2

*Vadzidzisi Venhema noKuparadzwa Kwavo*

1 Asi kwakanga kuna vaprofita venhema pakati pavanhu, sez-
vavachavapowo vadzidzisi venhema pakati penyu. Vachazivisa paka-
vanda dzidziso dzinoparadza, vachiramba kunyange naiye Ishe tenzi
akavatenga, vachiuyisa pamusoro pavo kuparadzwa kunokurumidza.
2 Vazhinji vachatevera nzira dzavo dzinonyadzisa uye nzira yezvokwadi
ichazvidzwa. 3 Mukukara kwavo, vadzidzisi ava vachakunyengerai
namashoko amanomano. Kutongwa kwavo kwakanguva kwavamirira,
uye kuparadzwa kwavo hakukotsiri.

4 Nokuti kana Mwari asina kuregerera vatumwa pavakatadza, asi
akavatumira kugehena, achivaisa mugomba rerima kuti vachengeterwe
kutongwa; 5 kana asina kuregerera nyika yakare paakauyisa mafashamu
pavanhu vayo vakanga vasingatyi Mwari, asi akadzivirira Noa, muparidzi
wokururama, navamwewo vanomwe; 6 kana akatonga maguta eSodhomu
neGomora nokuapisa nomoto kusvikira ava dota, uye akaaita muenzaniso
wezvichaitika kuna vasingadi Mwari; 7 uye kana akanunura Roti, murume
akarurama, akatambudzika nokuda kwoupenyu hwetsvina hwavanhu
vakanga vakatsauka 8 (nokuti murume uyu akarurama, agere pakati
pavo zuva nezuva, akatambudzwa mumwoyo wake wakarurama nezviito
zvavasakurama zvaakaona nezvaakanzwa), 9 kana zvakadaro, ipapo Ishe
anoziva kuti anonunura sei vanhu vake vanotya Mwari kubva pamiedzo
uye kuti anobata sei vasakarurama kuti varangwe kusvikira pazuva
rokutongwa. 10 Izvozvo zvinoitwa navaya vanotevera kuchiva kwakaora
kwomunhu wenyama uye vachizvidza vakuru.

Vanhu ava havatyi kutuka zvisikwa zvokudenga, vakashinga uye
vanozvikudza; 11 asi kunyange vatumwa, kunyange zvazvo vakasimba
kwazvo uye vane simba guru, havauyi pamberi paIshe vachituka
nokupomera mhosva zvakadai kuzvisikwa izvi. 12 Asi vanhu ava
vanongomhura panyaya dzavasinganzwisisi. Vakaita semhuka dzisina
murangariro, zvisikwa zvisingashanduki papfungwa, zvakangoberekerwa
kubatwa nokuparadzwa, uye semhuka idzodzo naivowo vachaparara.

13 Vacharipirwa nokurwadziswa nokuda kwezvakaipa zvavakaita.
Mukufunga kwavo vanoti kutamba masikati ndizvo zvinofadza. Ivo
ndivo makwapa namavara, vanofara mune zvinovagutsa pavanenge
vachidya nemi. 14 Vane meso azere upombwe, havatongoregi kutadza;
vanonyengera vasina mano; uye inyanzvi pakukara, rudzi rwakatukwa!
15 Vakasiya nzira yakarurama vakatsauka kuti vatevere nzira yaBharamu
mwanakomana waBheori, akada mubayiro wokusarurama. 16 Asi akatsi-
urwa nembongoro nokuda kwokuita kwake zvakaipa, mhuka isina mu-
tauro yakataura nenzwi romunhu uye ikadzivisa kupenga kwomuprofita.

17 Ava vanhu matsime asina mvura uye imhute inosundwa nemhepo.
Vakachengeterwa rima guru. 18 Nokuti vanotaura zvisina maturo,
mashoko okuzvikudza, uye nokuchiva kwenyama yavo, vanobata
kumeso vanhu vaya vari kutiza kubva kuna vanogara mukutsauka.
19 Vanovavimbisa kusununguka, asi ivo pachavo vari varanda vokuora,
nokuti munhu anoitwa muranda nechinhu chipi zvacho chinenge
chamukunda. 20 Kana vakatiza kuora kwenyika ino nokuda kwokuziva

Ishe wedu noMuponesi Jesu Kristu uye vakasungwazve mazviri uye
vakundwa nazvo, vaipa pakupedzisira kupfuura zvavakanga vari paku-
tanga. 21 Zvaiva nani kwavari kuti dai vasina kumboziva havo nzira
yokururama, pano kuti vaizive, ipapo vagozofuratira murayiro mutsvene
wakanga wapiwa kwavari. 22 Tsumo iyi ndeyechokwadi kwavari inoti,
"Imbwa yakadzokera kumarutsi ayo," uye "Nguruve yakanga yasham-
bidzwa yadzokerazve kunoumburuka mumatope."

# 3

*Zuva raIshe*

1 Vadikani, zvino iyi ndiyo tsamba yangu yechipiri. Ndakanyora
dzose dziri mbiri sechiyeuchidzo, kuti ndimutse ndangariro dzenyu
pakufunga kutsvene. 2 Ndinoda kuti murangarire mashoko akataurwa
kare navaprofita vatsvene uye nomurayiro wakapiwa naIshe noMuponesi
wedu kubudikidza navapostori venyu.

3 Chokutanga, munofanira kunzwisisa kuti mumazuva okupedzisira
vaseki vachauya vachiseka, vachitevera kuchiva kwenyama yavo.
4 Vachati, "Kuripiko 'kuuya' kwaakavimbisa? Kubvira pakufa kwakaita
madzibaba edu, zvinhu zvose zvinoramba zvakaita sezvazvakanga
zvakaita kubva pakusikwa kwenyika." 5 Asi vanokanganwa nobwoni
kuti kare neshoko raMwari denga rakavapo uye nyika ikaumbwa ichibva
mumvura uye ikaitwa nemvura. 6 Nemvura zhinji iyoyi, nyika yenguva
iyoyo yakamedzwa uye ikaparadzwa. 7 Neshoko rimwe chete irori denga
riripo zvino nenyika zvakachengeterwa moto, zvakachengeterwa zuva
rokutongwa nerokuparadzwa kwavanhu vasingadi Mwari.

8 Asi musakanganwa chinhu chimwe chete ichi, vadikani, kuti: Kuna
Ishe zuva rimwe chete rakaita sechiuru chamakore, uye chiuru chamakore
chakaita sezuva rimwe chete. 9 Ishe haanonoki kuita zvaakavimbisa,
sokunonoka kunonzwisiswa navamwe. Ane mwoyo murefu nemi, haadi
kuti ani zvake arasike, asi kuti vose vatendeuke.

10 Asi zuva raIshe richauya sembavha. Matenga achapfuura nokutin-
hira; zvirimo zvichaparadzwa nomoto, uye nyika nezvose zviri mairi
zvichabudiswa pachena.

11 Sezvo zvinhu zvose zvichizoparadzwa nenzira iyi, imi munofanira
kuva vanhu vakadini? Munofanira kurarama muutsvene uye no-
mukutya Mwari, 12 muchitarisira zuva raMwari uye makarindira kusvika
kwaro. Zuva iro richauyisa kuparadzwa kwedenga nomoto, uye zvirimo
zvichanyauka nokupisa. 13 Asi sezvaakavimbisa, isu tinotarisira denga
idzva nenyika itsva, iwo musha wavakarurama.

14 Saka zvino, vadikani, sezvo muchitarisira zvinhu izvi, shingairai
kuti muwanikwe musina gwapa, musina chamunopomerwa uye muno
rugare naye. 15 Muzive izvi kuti mwoyo murefu waIshe wedu unoreva
ruponeso, sokunyorerwa kwamakaitwa naPauro hama yedu, nouchenjeri
hwaakapiwa naMwari. 16 Anonyora zvimwe chetezvo mutsamba dzake
dzose, achitaura nyaya idzodzi. Tsamba dzake dzine zvimwe zvikukutu
kuti zvinzwisiswe, zvinominamiswa navasingazivi uye vanhu vasina
simba, sezvavanoita mamwe Magwaro, kusvikira vaparadzwa.

17 Naizvozvo vadikani, sezvo mava kuziva zvinhu izvi, garai
makarindira kuti murege kutsauswa nokudarika kwavasina murayiro uye
mukawa kubva pakusimba kwenyu. 18 Asi kurai munyasha nomukuziva
Ishe noMuponesi wedu, Jesu Kristu.

Ngaave nokubwinya zvino nokusingaperi. Ameni.

# 1 JOHANI

*Shoko roUpenyu*

[1] Izvo zvakanga zviripo kubva pakutanga, izvo zvatakanzwa, zvatakaona
nameso edu, zvatakatarira uye zvatakabata namaoko, izvozvi ndizvo
zvatinoparidza zveShoko roupenyu. [2] Upenyu hwakaonekwa; takahuona
uye tikapupura nezvahwo, uye tinoparidza kwamuri upenyu husingaperi,
hwakanga huri kuna Baba uye hwakaratidzwa kwatiri. [3] Tinoparidza
kwamuri zvatakaona nezvatakanzwa, kuti nemiwo mugowadzana nesu.
Uye tinowadzana naBaba noMwanakomana wavo, Jesu Kristu. [4] Tiri
kunyora izvi kuti mufaro wedu uzadziswe.

*Kufamba muChiedza*

[5] Iyi ndiyo mharidzo yatakanzwa kwaari uye yatinoparidza kwamuri
kuti: Mwari ndiye chiedza; maari hamuna rima zvachose. [6] Kana
tichiti tinowadzana naye asi tichifamba murima, tinoreva nhema uye
hatigari muchokwadi. [7] Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari
muchiedza, tinowadzana nomumwe nomumwe wedu, uye ropa raJesu,
Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose.

[8] Kana tichiti hatina chivi, tinozvinyengera uye chokwadi hachizi matiri.
[9] Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye
achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose. [10] Kana
tichiti hatina kutadza, tinomuita murevi wenhema uye shoko rake harizi
matiri.

## 2

[1] Vana vangu vandinoda, ndinonyora izvi kwamuri kuti muregе kutadza.
Asi kana munhu akatadza, tine murevereri kuna Baba, Jesu Kristu, Iye
Akarurama. [2] Ndiye chibayiro chinoyananisira zvivi zvedu, uye kwete
zvivi zvedu bedzi, asi wezvivi zvenyika yose.

[3] Tinoziva kuti isu tinomuziva kana tichiteerera mirayiro yake. [4] Munhu
anoti, “Ndinomuziva,” asi asingaiti zvaanorayira, iyeye murevi wenhema,
uye chokwadi hachizi maari. [5] Asi kana munhu achiteerera shoko
rake, zvirokwazvo rudo rwaMwari runokwaniswa maari. Izvi ndizvo
zvatinoziva nazvo kuti tiri maari: [6] Ani naani anozviti anogara maari
anofanira kufamba sokufamba kwakaita Jesu.

[7] Vadikani, handisi kukunyorerai murayiro mutsva asi wakare, wa-
makanzwa kubva pakutanga. Iwoyu murayiro wekare ndiyo mharidzo
yamakanzwa. [8] Asi ndiri kukunyorerai murayiro mutsva; chokwadi chawo
chinoonekwa maari uye nomamuri, nokuti rima riri kupfuura uye chiedza
chechokwadi chava kutovhenekera.

[9] Ani naani anoti ari muchiedza asi achivenga hama yake achiri murima.
[10] Ani naani anoda hama yake anogara muchiedza, uye maari hamuna
chinhu chingamugumbusa. [11] Asi ani naani anovenga hama yake ndiye
ari murima uye anofamba murima; haazivi kwaanoenda, nokuti rima
rakamupofumadza.

[12] Ndinokunyorerai, vana vangu vandinoda,
nokuti zvivi zvenyu zvakaregererwa nokuda kwezita rake.
[13] Ndinokunyorerai, madzibaba,

nokuti makamuziva iye akanga aripo kubva pakutanga.
Ndinokunyorerai, imi majaya,
nokuti makakunda iye akaipa.
Ndinokunyorerai, vana vanodikanwa,
nokuti makaziva Baba.

14 Ndinokunyorerai, madzibaba,
nokuti makamuziva iye akanga aripo kubva pakutanga.
Ndinokunyorerai, imi majaya,
nokuti mune simba,
shoko raMwari rinogara mamuri,
uye makakunda iye akaipa.

### *Musada Nyika*

15 Musada nyika kana zvinhu zviri mairi. Kana munhu achida
nyika, rudo rwaBaba haruzi maari. 16 Nokuti zvinhu zvose zviri
munyika zvinoti kuchiva kwemunhu, kuchiva kwameso uye kuzvikudza
kwemunhu nokuda kwezvaanazvo nezvaanoita, hazvibvi kuna Baba asi
zvinobva kunyika. 17 Nyika nokuchiva kwayo inopfuura, asi munhu anoita
kuda kwaMwari anorarama nokusingaperi.

### *Yambiro pamusoro paVanaandikristu*

18 Vana vanodikanwa, ino ndiyo nguva yokupedzisira; uye sezva-
makanzwa kuti andikristu ari kuuya, kunyange izvozvi vanaandikristu
vazhinji vakatouya. Ndizvo zvatinoziva nazvo kuti ava mazuva
okupedzisira. 19 Vakabva kwatiri, asi vakanga vasiri vedu chaivo. Nokuti
dai vakanga vari vedu chaivo, vangadai vakagara nesu; asi kuenda kwavo
kwakaratidza kuti hapana mumwe wavo akanga ari wedu.

20 Asi imi muno kuzodzwa kunobva kuna Iye Mutsvene, uye imi mose
munoziva chokwadi. 21 Handina kukunyorerai nokuda kwokuti hamuzivi
chokwadi, asi nokuda kwokuti munochiziva uye nokuti hakuna nhema
dzinobva muchokwadi. 22 Ndianiko murevi wenhema? Ndiye munhu
anoramba kuti Jesu ndiye Kristu. Munhu akadaro ndiye andikristu,
anoramba Baba noMwanakomana. 23 Hakuna munhu anoramba
Mwanakomana angava naBaba; ani naani anopupura Mwanakomana
ndiye ana Babawo.

24 Onai kuti zvamakanzwa kubva pakutanga zvagara mamuri. Kana
zvikadaro, nemiwo muchagara muMwanakomana nomuna Baba. 25 Uye
izvi ndizvo zvaakativimbisa, ihwo upenyu husingaperi.

26 Ndiri kunyora zvinhu izvi kwamuri pamusoro pavaya vanoedza
kukutsausai. 27 Kana murimi, kuzodzwa kwamakagamuchira kubva
kwaari kunogara mamuri, uye hamutsvaki mumwe munhu kuti
akudzidzisei. Asi sezvo kuzodza kwake kuchikudzidzisai pamusoro
pezvinhu zvose uye sezvo kuzodza ikoko kuri kwechokwadi, kwete
kwenhema, sezvakwakakudzidzisai, garai maari.

### *Vana vaMwari*

28 Uye zvino, vana vanodiwa, rambai muri maari, kuitira kuti
paanoonekwa tive nokushinga uye tisinganyadziswi pamberi pake paku-
uya kwake.

29 Kana muchiziva kuti iye akarurama, munoziva kuti mumwe no-
mumwe anoita zvakarurama akaberekwa naye.

# 3

1 Tarirai kukura kworudo rwatakaitirwa naBaba, kuti tinzi vana
vaMwari! Uye ndizvo zvatiri! Chinoita kuti nyika itadze kutiziva
ndechokuti haina kumuziva iye. 2 Vadikani, zvino tiri vana vaMwari, uye
zvatichazova zvichigere kuzivikanwa. Asi tinoziva kuti paachaonekwa,
isu tichafanana naye, nokuti tichamuona sezvaari. 3 Mumwe nomumwe
ane tariro iyi maari anozvichenesa, sezvo iye akachena.

4 Munhu wose anotadza anodarika murayiro, zvechokwadi, chivi ndiko
kudarika murayiro. 5 Asi munoziva kuti iye akaonekwa kuitira kuti
abvise zvivi zvedu. Uye maari hamuna chivi. 6 Hakuna munhu anogara
maari anoramba achingotadza. Hakuna munhu anoramba achitadza,
kana akamuona kana kuti akamuziva.

7 Vana vanodiwa, musarega munhu upi zvake achikutsausai. Uyo
anoita zvakanaka, akarurama, saiye akarurama. 8 Uyo anoita zvakaipa
ndowadhiabhori, nokuti dhiabhori akanga achingotadza kubva paku-
tanga. Mwanakomana waMwari akaonekwa nokuda kwaizvozvi kuti
aparadze basa radhiabhori. 9 Hakuna munhu akaberekwa naMwari
anoramba achiita chivi, nokuti mbeu yaMwari inogara maari; haan-
garambi achingotadza, nokuti akaberekwa naMwari. 10 Ndiwo maziviro
edu kuti vana vaMwari ndevapi uye kuti vana vadhiabhori ndevapi: Ani
naani asingaiti zvakarurama haasi mwana waMwari; uyewo uyo asingadi
hama yake.

### *Dananai*

11 Iri ndiro shoko ramakanzwa kubva pakutanga: Tinofanira kudanana.
12 Musaita saKaini, akanga ari wowakaipa uye akaponda munun'una
wake. Uye akamuurayireiko? Nokuti mabasa ake akanga akaipa uye
omunun'una wake akanga akarurama. 13 Musashamiswa, hama dzangu,
kana nyika ichikuvengai. 14 Tinoziva kuti takabva murufu tikaenda
muupenyu, nokuti tinoda hama dzedu. Ani naani asingadi anogara
murufu. 15 Ani naani anovenga hama yake imhondi, uye munoziva kuti
hakuna mhondi ino upenyu husingaperi mairi.

16 Aya ndiwo maziviro edu kuti rudo rwakadini: Jesu Kristu akapa
upenyu hwake nokuda kwedu. Uye isu tinofanira kupa upenyu hwedu
nokuda kwehama dzedu. 17 Kana munhu ane pfuma uye akaona hama
yake ichishayiwa, asi akasainzwira tsitsi, rudo rwaMwari rungagara
maari seiko? 18 Vana vanodikanwa, ngatiregerei kuda namashoko kana
norurimi, asi namabasa uye nechokwadi. 19 Zvino, ndiwo maziviro
edu kuti tiri vechokwadi, uye kuti mwoyo yedu inozorora sei pamberi
pake 20 pose patinopiwa mhosva nemwoyo yedu. Nokuti Mwari mukuru
kupfuura mwoyo yedu, uye anoziva zvinhu zvose.

21 Shamwari dzinodikanwa, kana mwoyo yedu isingatipi mhosva,
tinako kuvimba pamberi paMwari 22 uye tinogamuchira kubva kwaari
zvose zvatinokumbira, nokuti tinoteerera mirayiro yake uye tinoita
zvinomufadza. 23 Uye uyu ndiwo murayiro wake: kutenda muzita
roMwanakomana wake, Jesu Kristu, uye nokuda mumwe nomumwe wedu
sezvaakatirayira. 24 Avo vanoteerera mirayiro yake vanogara maari, naiye
mavari. Uye izvi ndizvo zvinoita kuti tizive kuti iye anogara matiri:
Tinozviziva noMweya waakatipa.

# 4

*Edzai Mweya*

1 Shamwari dzinodikanwa, musatenda mweya yose yose, asi edzai
mweya kuti muone kana ichibva kuna Mwari, nokuti vaprofita vazhinji
venhema vakapinda munyika. 2 Aya ndiwo maziviro amungaita Mweya
waMwari: mweya mumwe nomumwe unopupura kuti Jesu Kristu akauya
munyama unobva kuna Mwari, 3 asi mweya wose usingapupuri Jesu
haubvi kuna Mwari. Ndiwo mweya waandikristu, wamakanzwa kuti uri
kuuya uye kunyange iye zvino watova munyika.
4 Imi, vana vanodikanwa, munobva kuna Mwari uye makavakunda,
nokuti ari mamuri mukuru kuna iye ari munyika. 5 Ivo ndevenyika,
naizvozvo vanotaura sevenyika, uye nyika inovanzwa. 6 Isu tinobva
kuna Mwari, uye ani naani anoziva Mwari anotinzwa; asi ani naani
asingabvi kuna Mwari haatinzwi. Izvi ndizvo zvinoita kuti tizive mweya
wechokwadi nomweya wenhema.

*Rudo rwaMwari noRwedu*

7 Shamwari dzinodikanwa, ngatidananei, nokuti rudo runobva kuna
Mwari. Mumwe nomumwe anoda akaberekwa naMwari uye anoziva
Mwari. 8 Ani naani asingadi haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo. 9 Mwari
akaratidza rudo rwake pakati pedu sezvizvi: Akatuma Mwanakomana
wake mumwe woga munyika kuti tive noupenyu kubudikidza naye.
10 Urwu ndirwo rudo: kwete kuti isu takada Mwari, asi kuti iye akatida
uye akatuma Mwanakomana wake kuti ave chibayiro chinoyananisa zvivi
zvedu. 11 Shamwari dzinodikanwa, sezvo Mwari akatida zvakadai, isu
tinofanirawo kudanana. 12 Hakuna munhu akatongoona Mwari; asi kana
tichidanana, Mwari anogara matiri, uye rudo rwake runokwaniswa matiri.
13 Tinoziva kuti tinogara maari uye iye matiri, nokuti akatipa zvoMweya
wake. 14 Uye takaona uye tikapupura kuti Baba vakatuma Mwanakomana
wavo kuti ave Muponesi wenyika. 15 Kana munhu akapupura kuti Jesu
ndiye Mwanakomana waMwari, Mwari anogara maari uye iye muna
Mwari. 16 Nokudaro tinoziva uye tinovimba norudo rwaMwari kwatiri.
Mwari rudo. Ani naani anogara murudo anogara muna Mwari, uye
Mwari maari. 17 Naizvozvo, rudo runokwaniswa pakati pedu kuitira kuti
tigova nokuvimba pazuva rokutongwa, nokuti munyika ino takafanana
naye. 18 Murudo hamuna kutya. Asi rudo rwakakwana runodzinga
kutya, nokuti kutya kune chokuita nokurangwa. Munhu anotya haana
kukwaniswa murudo.
19 Tinomuda nokuti iye akatanga kutida. 20 Kana munhu achiti,
“Ndinoda Mwari,” asingadi hama yake, murevi wenhema. Nokuti ani
naani asingadi hama yake yaakaona, haagoni kuda Mwari, waasina
kumboona. 21 Uye akatipa murayiro uyu: Ani naani anoda Mwari
anofanirawo kuda hama yake.

# 5

*Kutenda kuMwanakomana waMwari*

1 Mumwe nomumwe anotenda kuti Jesu ndiye Kristu, akaberekwa
naMwari, uye mumwe nomumwe anoda baba anodawo mwana wavo.
2 Izvi ndizvo zvatinoziva nazvo kuti tinoda vana vaMwari: kana tichida
Mwari uye tichiita mirayiro yake. 3 Uku ndiko kuda Mwari: kuteerera
mirayiro yake. Uye mirayiro yake hairemi, 4 nokuti vose vakaberekwa

naMwari vanokunda nyika. Uku ndiko kukunda kwakakunda nyika, iko
kutenda kwedu. 5 Ndianiko anokunda nyika? Ndiye chete anotenda kuti
Jesu ndiye Mwanakomana waMwari.
6 Uyu ndiye akauya nemvura neropa, Jesu Kristu. Haana kuuya nemvura
bedzi, asi nemvura neropa. Uye Mweya ndiye anopupura, nokuti Mweya
ndiye chokwadi. 7 Nokuti kune zvitatu zvinopupura zvinoti: 8 Mweya,
mvura, neropa; uye zvitatu izvi zvinotenderana. 9 Tinogamuchira
uchapupu hwavanhu, asi uchapupu hwaMwari hukuru nokuti ndihwo
uchapupu hwaMwari, hwaakapa pamusoro poMwanakomana wake.
10 Munhu mumwe nomumwe anotenda muMwanakomana waMwari ano
uchapupu uhu mumwoyo make. Munhu mumwe nomumwe asingatendi
Mwari, akabva amuita murevi wenhema, nokuti haana kutenda kupupura
kwaMwari kwaakaita pamusoro poMwanakomana wake. 11 Uye uku ndiko
kupupura kuti: Mwari akatipa upenyu husingaperi, uye upenyu uhu huri
muMwanakomana wake. 12 Uyo ano Mwanakomana ano upenyu; uyo
asina Mwanakomana waMwari haana upenyu.

### *Mashoko Okupedzisira*

13 Ndanyora izvi kwamuri imi munotenda muzita roMwanakomana
waMwari kuitira kuti muzive kuti mune upenyu husingaperi. 14 Ndiko
kusatya kwatinako mukuswedera kwedu kuna Mwari: kuti kana
tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. 15 Uye kana
tichiziva kuti anotinzwa pazvose zvatinokumbira, tinoziva kuti tava nazvo
zvatakumbira kwaari.
16 Kana munhu akaona hama yake ichiita chivi chisingaurayisi,
anofanira kunyengetera uye Mwari achamupa upenyu. Ndinoreva vaya
vane chivi chisingaurayisi. Pane chivi chinourayisa. Handirevi kuti
anyengetere pamusoro pacho. 17 Kuita chakaipa kwose chivi, uye pane
chivi chisingaurayisi.
18 Tinoziva kuti mumwe nomumwe akaberekwa naMwari haarambi
achiita chivi; uyo akaberekwa naMwari anomuchengeta zvakanaka, uye
akaipa haagoni kumukuvadza. 19 Tinoziva kuti tiri vana vaMwari, uye
kuti nyika yose iri pasi powakaipa. 20 Tinozivawo kuti Mwanakomana
waMwari akauya akatipa kunzwisisa, kuitira kuti timuzive iye wechok-
wadi. Uye tiri maari iye wechokwadi, kunyange muMwanakomana wake
Jesu Kristu. Ndiye Mwari wechokwadi noupenyu husingaperi.

21 Vana vanodikanwa, ibvai pazvifananidzo.

# 2 JOHANI

1 Mukuru, kumudzimai akasanangurwa navana vake, vandinoda mu-
chokwadi, uye kwete ini ndoga, asiwo navose vanoziva chokwadi,
2 nokuda kwechokwadi chinogara matiri uye chichava nesu nokusin-
gaperi:

3 Nyasha, ngoni norugare zvinobva kuna Mwari Baba nokuna Jesu
Kristu, Mwanakomana waBaba, zvichava nesu muchokwadi nomurudo.

4 Zvakandifadza zvikuru kuwana vamwe vana venyu vachifamba
muchokwadi, sezvatakarayirwa naBaba. 5 Uye zvino, mai, handisi
kukunyorerai murayiro mutsva asi iwo watakanzwa kubva pakutanga.
Ndinokumbira kuti tidanane. 6 Uye urwu ndirwo rudo: kuti tifambe
mukuteerera mirayiro yake. Sezvamakanzwa kubva pakutanga, murayiro
wake ndewokuti mufambe murudo.
7 Vanyengeri vazhinji, vasingapupuri kuti Jesu Kristu akauya munyama,
vakapinda munyika. Munhu akadaro ndiye munyengeri naandikristu.
8 Muchenjere kuti murege kurasikirwa nezvamakashandira, asi kuti mu-
gopiwa mubayiro wakakwana. 9 Mumwe nomumwe anomhanya mberi
asingarambiri mudzidziso yaKristu haana Mwari; ani naani anorambira
mukudzidzisa kwaKristu ana Baba noMwanakomana. 10 Kana munhu
akauya kwamuri uye asingauyi nedzidziso iyi, musamupinza mumba
menyu kana kumugamuchira. 11 Ani naani anomugamuchira anogovana
naye mubasa rake rakaipa.

12 Ndine zvizhinji zvokukunyorerai, asi handidi kushandisa pepa neingi.
Asi, ndine tariro yokukushanyirai ndigotaura nemi chiso nechiso, kuti
mufaro wedu uzadziswe.

13 Vana vomunun'una wenyu akasanangurwa vanokukwazisai.

# 3 JOHANI

1 Mukuru, kushamwari yangu inodikanwa Gayo, wandinoda muchok-
wadi.

2 Mudikani, ndinonyengetera kuti uve noutano hwakanaka uye kuti
zvose zvikunakire kunyange sokufara kwomweya wako. 3 Ndakafara
kwazvo dzimwe hama padzakauya dzikandiudza nezvokutendeka kwako
pachokwadi uye kuti unoramba uchifamba sei muchokwadi. 4 Hapana
chimwe chinhu chinondifadza kupfuura kunzwa kuti vana vangu vari
kufamba muchokwadi.
5 Mudikani, wakatendeka pane zvaunoita kuhama, kunyange vasiri
vanhu vaunoziva. 6 Vakataurira kereke nezvorudo rwako. Uchaita
zvakanaka kana ukavadzosazve nenzira yakafanira pamberi paMwari.
7 Nokuda kweZita iri vakabuda, vasingagamuchiri rubatsiro kubva kuva-
hedheni. 8 Naizvozvo tinofanira kugamuchira vanhu vakadai kuti tishande
pamwe chete muchokwadi.
9 Ndakanyorera kukereke, asi Dhiotirefesi, iye anoda kuva mukuru, akati
haagamuchiri zvatinotaura. 10 Saka kana ndauya, ndichamuyeuchidza
mabasa ake aanoita, okunyeya, nokuitira godo. Kwete izvozvo zvoga,
anorambawo kugamuchira hama. Anodzivisawo vaya vanoda havo kuita
izvozvo uye achivabudisa mukereke.
11 Mudikani, usatevedzera zvakaipa asi zvakanaka. Ani naani anoita
zvakanaka ndiye anobva kuna Mwari. Ani naani anoita zvakaipa haana
kuona Mwari. 12 Dhemetriasi anopupurirwa zvakanaka navose, uye
kunyange nechokwadi chaicho. Nesuwo tinotaura zvakanaka nezvake,
uye munoziva kuti uchapupu hwedu ndohwechokwadi.

13 Ndine zvizhinji zvokukunyorera, asi handidi kuita izvozvi nechiny-
oreso neingi. 14 Ndinovimba kuti ndichakuonai nokukurumidza, uye
tichazotaurirana chiso nechiso.

15 Rugare kwamuri.

Shamwari dziri kuno dzinokukwazisai. Kwazisai shamwari dziri ikoko namazita avo.

# JUDHA

1 Judha, muranda waJesu Kristu nomunun'una waJakobho, kuna vaya
vakadanwa, vanodikanwa naMwari Baba, vanochengetwa naJesu Kristu:

2 Ngoni, rugare norudo ngazviwande kwamuri.

### *Chivi noKuparadzwa kwaVanhu Vasina Mwari*

3 Shamwari dzinodikanwa, kunyange ndakanga ndichishingairira kuti
ndinyore kwamuri pamusoro poruponeso rwatinogovana, ndakafunga
kuti ndinofanira kunyora ndichikukurudzirai kuti murwire kutenda
kwakapiwa vatsvene kamwe. 4 Nokuti vamwe varume vane kutongwa
kwavo kwakanyorwa nezvako kare, vakapinda muchivande pakati penyu.
Ivo vanhu vasina umwari, vanoshandura nyasha dzaMwari wedu vachidz-
itora semvumo yokuita upombwe, uye vachiramba Jesu Kristu, Ishe
naTenzi wedu mumwe oga.
5 Kunyange maizviziva henyu kare, ndinoda kukuyeuchidzai kuti Ishe
akasunungura vanhu vake kubva muIjipiti, asi pashure akaparadza vaya
vakanga vasingatendi. 6 Uye vatumwa vasina kuchengeta nzvimbo
youkuru hwavo asi vakasiya musha wavo, ivava akavachengeta murima,
vakasungwa nengetani dzokusingaperi vakamirira kutongwa pazuva
guru. 7 Nenzira imwe cheteyo, Sodhomu neGomora uye namaguta
akanga akapoteredza akazvipa kuupombwe nokutsauka, akava muen-
zaniso wavaya vari pakurangwa nomoto usingaperi.
8 Nenzira imwe cheteyo, ava varoti vanosvibisa miviri yavo, vachiramba
vakuru uye vachituka zvisikwa zvokudenga. 9 Asi kunyange Mikaeri
mutumwa mukuru, paakanga achirwa nadhiabhori pamusoro pomuviri
waMozisi, haana kutsunga kutaura mashoko okutuka nokumupomera
mhosva, asi akati, "Ishe ngaakutuke!" 10 Asi vanhu ava vanotaura zvisina
maturo pamusoro pezvinhu zvavasinganzwisisi; uye kunyange nezvinhu
zvavanonzwisisa kubva pakuberekwa kwavo, semhuka dzisingafungi,
zvinhu izvozvi ndizvo chaizvo zvinovaparadza.
11 Vane nhamo! Vakasarudza nzira yaKaini; vakamhanyira mubayiro
wokutsauka kwaBharamu; vakaparadzwa mukupanduka kwaKora.
12 Vanhu ava makwapa pamitambo yenyu yorudo, vanodya nemi
vasingatyi napaduku, vanongozvipa zvokudya ivo chete. Makore asina
mvura, anotinhwa nemhepo; miti yenguva yamasutso, isina michero
uye yakadzurwa, yakafa zvakapetwa kaviri. 13 Mafungu egungwa
anopenga, anopupuma nyadzi dzawo; nyeredzi dzinodzungaira, ivava
vakachengeterwa rima guru nokusingaperi.
14 Enoki, wechinomwe kubva kuna Adhamu, akaprofita pamusoro pa-
vanhu ava achiti, "Tarirai, Ishe ari kuuya nezviuru nezviuru zvavatsvene
vake 15 kuti azotonga vanhu vose, uye abate nemhosva vose vasina umwari
pamusoro pamabasa ose asina umwari avakaita nenzira isina umwari,
uye namashoko okutuka akataurwa navanhu vasina umwari pamusoro
pake." 16 Vanhu ava vanyunyuti uye vapomeri; vanotevera kuchiva kwavo
vamene; vanozvirumbidza pachavo uye vanobata vamwe kumeso kuti
zvivanakire ivo.

### *Kutsungirira*

[17] Asi, vadikani, rangarirai zvakataurwa navapostori vaIshe wedu Jesu
Kristu. [18] Vakati kwamuri, "Munguva yokupedzisira kuchava navaseki
vachatevera kuchiva kwavo." [19] Ava ndivo vanhu vanokuparadzanisai,
vanotevera nyama yavo uye vasina Mweya.

[20] Asi imi, vadikani, zvivakei mukutenda kwenyu kutsvene uye mun-
yengetere muMweya Mutsvene. [21] Zvichengetei murudo rwaMwari
pamunenge muchimirira ngoni dzaIshe wedu Jesu Kristu kuti dzikuuyisei
kuupenyu husingaperi.

[22] Itirai ngoni avo vanokahadzika; [23] bvutai vamwe kubva mumoto
mugovaponesa; vamwe muvanzwire ngoni dzakasanganiswa nokutya,
muchivenga kunyange nenguo dzakasvibiswa nenyama.

### *Mashoko Okurumbidza*

[24] Kuna iye anogona kukuchengetai kuti murege kugumburwa uye
anokuisai pamberi pokubwinya kwake musina chamunopomerwa, uye
nomufaro mukuru, [25] kuna iye Mwari oga muponesi wedu, ngakuve
nokubwinya, umambo, simba noukuru, nokuna Jesu Kristu Ishe wedu,
nguva isati yavapo, zvino nokusingaperi! Ameni.

# ZVAKAZARURWA

*Mavambo*

1 Zvakazarurwa zvaJesu Kristu, zvaakapiwa naMwari kuti aratidze
varanda vake zvinofanira kuitika nokukurumidza. Akazvizivisa noku-
tumira kwaakaita mutumwa wake kumuranda wake Johani, 2 iye anop-
upura zvose zvaakaona, iro shoko raMwari uye nouchapupu hwaJesu
Kristu. 3 Akaropafadzwa uyo anoverenga mashoko ouprofita uhu, uye
vakaropafadzwa avo vanohunzwa uye vagochengeta pamwoyo yavo
zvakanyorwa imomo, nokuti nguva yava pedyo.

*Kwaziso noKurumbidzwa kwaMwari*

4 Johani, kukereke nomwe dziri mudunhu reEzhia:

Nyasha norugare ngazvive nemi zvinobva kuna iye aripo, uye akanga aripo, naiye achazouya, nokumweya minomwe iri pamberi pechigaro chake choushe,
5 nokuna Jesu Kristu, iye chapupu chakatendeka, dangwe kubva kuvakafa, nomutongi wamadzimambo enyika.

Kuna iye anotida uye akatisunungura kubva kuzvivi zvedu neropa rake,
6 uye akatiita ushe nouprista kuti tishumire Mwari naBaba vake, ngaave nokubwinya nesimba nokusingaperi-peri! Ameni.

7 Tarirai, ari kuuya namakore,
uye meso ose achamuona,
kunyange naivo vakamubaya;
uye marudzi ose enyika achachema nokuda kwake.
Saka zvichaita saizvozvo! Ameni.

8 "Ndini Arifa naOmega," ndizvo zvinotaura Ishe Mwari, "iye aripo,
akanga aripo, uye achazouya, Wamasimba Ose."

*Mumwe akaita soMwanakomana woMunhu*

9 Ini Johani, hama yenyu nomufambidzani wenyu mumatambudziko,
muumambo, nomukutsungirira nomwoyo murefu wedu muna Jesu,
ndakanga ndiri pachitsuwa chePatimosi nokuda kweshoko raMwari uye
nouchapupu hwaJesu. 10 Pazuva raShe, ndakanga ndiri muMweya, uye
ndikanzwa mushure mangu inzwi guru rinenge rehwamanda, 11 richiti,
"Nyora mubhuku rakapetwa zvaunoona ugozvitumira kukereke nomwe:
dzokuEfeso, Simina, Pegamo, Tiatira, Sadhisi, Firadherifia neRaodhikea."

12 Ndakatendeuka ndikatarisa kuti ndione inzwi rakanga richitaura
kwandiri. Uye ndakatendeuka ndikaona zvigadziko zvemwenje, 13 uye
pakati pezvigadziko zvemwenje pakanga pano mumwe akanga "akaita
somwanakomana womunhu," akafuka nguo yaisvika kutsoka dzake uye
ane bhanhire regoridhe pachipfuva chake. 14 Musoro wake nebvudzi rake
zvakanga zvakachena samakushe, zvakachena sechando, uye meso ake
akanga akaita somurazvo womoto. 15 Tsoka dzake dzakanga dzakaita
sendarira inopenya muvira romoto, uye inzwi rake rakanga rakaita so-
mubvumo wemvura zhinji. 16 Akanga akabata nyeredzi nomwe muruoko

rwake rworudyi, uye mumuromo make makabuda munondo unopinza,
unocheka mativi ose. Chiso chake chakanga chakaita sezuva rinopenya
nokupenya kwaro kwose.
[17] Pandakamuona, ndakawira patsoka dzake kunge ndafa. Ipapo akaisa
ruoko rwake rworudyi pamusoro pangu akati, "Usatya. Ndini Wokutanga
neWokupedzisira. [18] Ndini iye Mupenyu; ndakanga ndafa, uye tarira, ndiri
mupenyu nokusingaperi-peri! Uye ndakabata kiyi dzorufu neHadhesi.
[19] "Naizvozvo, nyora zvawaona, zviripo zvino nezvichazoitika shure
kwaizvozvi. [20] Chakavanzika chenyeredzi nomwe dzawaona muruoko
rwangu rworudyi nechezvigadziko zvinomwe zvemwenje ndechichi: Nyeredzi
nomwe ndivo vatumwa vekereke nomwe, uye zvigadziko zvinomwe
zvemwenje ndidzo kereke nomwe.

# 2

*Kukereke yomuEfeso*

[1] "Kumutumwa wekereke iri muEfeso nyora kuti:

Aya ndiwo mashoko aiye akabata nyeredzi nomwe muruoko rwake rworudyi anofamba pakati pezvigadziko zvinomwe zvemwenje.

[2] Ndinoziva mabasa ako, kubata kwako nesimba uye nokutsungirira
kwako. Ndinoziva kuti haudi kuonana navanhu vakaipa, uye kuti
wakaedza avo vanozviti vapostori asi vasiri ivo, uye ukavawana vari
venhema. [3] Wakatsungirira ukava nomwoyo murefu pakutambudzika
nokuda kwezita rangu, uye ukasaneta.
[4] Asi ndine mhosva iyi newe: Wakasiya rudo rwako rwokutanga.
[5] Rangarira pawakawa! Tendeuka uite zvinhu zvawakanga uchiita
pakutanga. Kana usingatendeuki, ndichauya kwauri ndigobvisa chigadziko
chako chomwenje panzvimbo yacho. [6] Asi chinhu ichi unacho:
Unovenga mabasa avaNikoraiti, andinovenga neniwo.
[7] Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kukereke. Kuno
uyo anokunda, ndichamutendera kuti adye zvinobva pamuti woupenyu,
uri muparadhiso yaMwari.

*Kukereke iri muSimina*

[8] "Kumutumwa wekereke iri muSimina nyora kuti:

Aya ndiwo mashoko aiye Wokutanga neWokupedzisira, akafa uye akararamazve.

[9] Ndinoziva kutambudzika kwako nourombo hwako, asi uri mupfumi!
Ndinoziva kutuka kwaavo vanozviti vaJudha uye vasiri ivo, asi vari
vesinagoge raSatani. [10] Usatya izvo zvava kuda kuzokutambudza.
Ndinoti kwauri, dhiabhori achaisa vamwe venyu mutorongo kuti
akuedzei, uye muchatambudzwa kwamazuva gumi. Ivai vakatendeka,
kunyange kusvika pakufa, uye ini ndichakupai korona youpenyu.
[11] Ane nzeve dzokunzwa, ngaanzwe zvinoreva Mweya kukereke.
Anokunda haazokuvadzwi norufu rwechipiri.

### *Kukereke iri muPegamo*

12 “Kumutumwa wekereke iri muPegamo nyora kuti:

Aya ndiwo mashoko aiye ano munondo unopinza, unocheka kumativi ose.

13 Ndinoziva paunogara, pachigaro choushe chaSatani. Asi
wakaramba wakatendeka kuzita rangu. Hauna kuramba kutenda
kwako kwandiri, kunyange mumazuva aAndipasi, chapupu changu
chakatendeka, uyo akaurayiwa muguta renyu, munogara Satani.
14 Kunyange zvakadaro, ndine zvinhu zvishoma zvandinovenga pauri:
Una vanhu ipapo vanobatisisa dzidziso yaBharamu, uyo akadzidzisa
Bharaki kuti anyengere vaIsraeri kuti vatadze vachidya zvokudya
zvakabayirwa kuzvifananidzo uye nokuita upombwe. 15 Saizvozvowo,
una vamwe vanobatirira kudzidziso yavaNikoraiti. 16 Naizvozvo, ten-
deuka! Zvikasadaro, ndichakurumidza kuuya kuzovarwisa nomunondo
womuromo wangu.
17 Ane nzeve dzokunzwa, ngaanzwe zvinoreva Mweya kukereke.
Kuno uyo anokunda, ndichamupa imwe mana yakavanzika. Ndichamu-
pawo ibwe jena rine zita idzva rakanyorwa pariri, rinongozivikanwa
naiye anorigamuchira.

### *Kukereke yomuTiatira*

18 “Kumutumwa wekereke iri muTiatira nyora kuti:

Aya ndiwo mashoko oMwanakomana waMwari, ane meso anenge murazvo womoto uye ane tsoka dzinopenya sendarira.

19 Ndinoziva mabasa ako, rudo rwako nokutenda kwako, kushumira
kwako uye nokutsungirira kwako, uye kuti iye zvino uri kuita zvinop-
fuura zvawakaita pakutanga.
20 Kunyange zvakadaro, ndine mhosva iyi newe: Uri kutendera
mukadzi uya Jezebheri, anozviti muprofitakadzi. Nokudzidzisa
kwake anotsausa varanda vangu kuti vaite upombwe uye kuti vadye
zvakabayirwa kuzvifananidzo. 21 Ndakamupa nguva yokutendeuka
paupombwe hwake, asi haana kutendeuka. 22 Saka ndichamuisa
panhoo yokutambudzika, uye ndichaita kuti vaya vaiita upombwe
naye vatambudzike zvikuru, kana vakasatendeuka munzira dzavo.
23 Ndicharova vana vake norufu. Ipapo kereke dzose dzichaziva kuti
ndini iye anonzvera mwoyo nendangariro, uye ndichatsiva mumwe
nomumwe wenyu zvinoenderana namabasa ake. 24 Zvino ndinoti kwa-
muri mose imi muri paTiatira, kunemi vasingabatiriri padzidziso yake
uye vasina kudzidza zvinonzi zvakavanzika zvaSatani (handichazoisi
mimwe mitoro pamusoro penyu): 25 Batisisai chete icho chamunacho
kusvikira ndauya.
26 Kuno uya anokunda uye achiita kuda kwangu kusvikira pakuguma,
ndichamupa simba pamusoro pendudzi:

27 ‘Achavatonga netsvimbo yesimbi;
achavaputsa-putsa sezvaenga zvehari’,

sokugamuchira kwandakaita simba kubva kuna Baba vangu.
28 Ndichamupawo nyeredzi yamangwanani. 29 Ane nzeve dzokunzwa
ngaanzwe, zvinoreva Mweya kukereke.

# 3

*Kukereke iri muSadhisi*

1 “Kumutumwa wekereke iri muSadhisi nyora kuti:

Aya ndiwo mashoko aiye akabata mweya minomwe yaMwari nenyeredzi nomwe.

Ndinoziva mabasa ako; unonzi uri mupenyu, asi wakafa. 2 Muka!
Simbisa zvakasara zvoda kufa, nokuti handina kuwana mabasa ako
akakwana pamberi paMwari wangu. 3 Naizvozvo, rangarira zvawak-
agamuchira nezvawakanzwa; uzviteerere, uye utendeuke. Asi kana
usingapepuki, ndichauya sembavha, uye haungazivi nguva yandichauya
nayo kwauri.
4 Asi una vanhu vashoma muSadhisi vasina kusvibisa nguo dzavo.
Vachafamba neni, vakapfeka nguo chena, nokuti ndivo vakafanira.
5 Anokunda achaita saivo, achashongedzwa nguo chena. Handingazodz-
imi zita rake kubva mubhuku roupenyu, asi ndichapupura zita rake
pamberi paBaba vangu navatumwa vavo. 6 Ane nzeve dzokunzwa,
ngaanzwe zvinoreva Mweya kukereke.

*Kukereke iri muFiradherifia*

7 “Kumutumwa wekereke iri muFiradherifia nyora kuti:

Aya ndiwo mashoko aiye mutsvene wechokwadi, iye akabata kiyi yaDhavhidhi. Chaanozarura hakuna munhu anopfiga, chaanopfiga hakuna munhu anochizarura.

8 Ndinoziva mabasa ako. Tarira, ndaisa pamberi pako mukova
wakazaruka usingagoni kupfigwa nomunhu. Ndinoziva kuti une
simba shoma, asi wakachengeta shoko rangu uye hauna kuramba
zita rangu. 9 Ndichaita kuti avo vari vesinagoge raSatani, vanozviti
vaJudha kunyange vasiri ivo, asi varevi venhema, ndichaita kuti
vauye uye vawire pasi petsoka dzako uye vagoziva kuti ndakakuda.
10 Sezvo wakachengeta murayiro wangu kuti utsunge nomwoyo
murefu, ndichakuchengetawo panguva yokuedzwa iri kusvika pamu-
soro penyika yose kuzoedza avo vanogara panyika.
11 Ndiri kukurumidza kuuya. Batisisa icho chaunacho, kuti kurege
kuva nomunhu anokutorera korona yako. 12 Uyo anokunda ndichamuita
mbiru mutemberi yaMwari wangu. Haazombobudimo. Ndichanyora
paari zita raMwari wangu nezita reguta raMwari wangu, Jerusarema
idzva, riri kuburuka richibva kudenga kuna Mwari; uye ndichanyorawo
paari zita rangu idzva. 13 Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe, zvinoreva
Mweya kukereke.

*Kukereke iri paRaodhikea*

14 “Kumutumwa wekereke iri muRaodhikea nyora kuti:

Aya ndiwo mashoko aiye Ameni, chapupu chakatendeka uye chechokwadi, mutongi wezvisikwa zvaMwari.

15 Ndinoziva mabasa ako, kuti hautonhori kana kupisa. Ndaida kuti
uve chimwe chaizvozvi! 16 Saka nokuda kwokuti unodziya zvishoma,
haupisi kana kutonhora, ndava kuda kukusvipa kubva mumuromo
mangu. 17 Unoti, ‘Ndakapfuma; ndakawana pfuma uye handina
chandinoshayiwa.’ Asi hauzivi kuti une nhamo, unonzwisa urombo, uri
murombo, uri bofu uye hauna kusimira. 18 Ndinokupa zano kuti utenge
kwandiri goridhe rakanatswa nomoto, kuti upfume; uye uve nenguo
chena dzokupfeka, kuitira kuti ufukidze nyadzi dzokusasimira kwako;
nechizoro chokuisa mumeso ako, kuitira kuti ugone kuona.
19 Avo vandinoda ndinovatsiura uye ndinovaranga. Saka shingaira,
utendeuke. 20 Ndiri pano! Ndimire pamusuo ndichigogodza. Kana
munhu akanzwa inzwi rangu akazarura musuo, ndichapinda ndigodya
naye, uye iye neni.
21 Kuno uyo anokunda, ndichamutendera kuti agare neni pachigaro
changu choushe, sezvandakakunda uye ndikagara naBaba vangu pachigaro
chavo choushe. 22 Ane nzeve dzokunzwa, ngaanzwe zvinoreva
Mweya kukereke.”

# 4

*Chigaro choUshe choKudenga*

1 Shure kwaizvozvi ndakatarisa, uye ipapo pamberi pangu pakanga
pano mukova wakanga wakazaruka kudenga. Uye inzwi randakanzwa
richitaura kwandiri rakanga rakaita sehwamanda, rakati, “Kwira kuno,
ndigokuratidza zvinofanira kuitika shure kwaizvozvi.” 2 Pakarepo
ndakava muMweya, uye ipapo pamberi pangu pakava nechigaro choushe
kudenga, nomumwe akanga agere pamusoro pacho. 3 Uye akanga agerepo
akanga akaita sedombo rejasipa nekarineri. Muraravungu, wakanga
wakafanana nedombo reemaradhi, wakanga wakakomberedza chigaro
choushe. 4 Zvimwe zvigaro zvoushe makumi maviri nezvina zvakanga
zvakakomberedza chigaro choushe, uye vakanga vagere pamusoro pazvo
vakanga vari vakuru makumi maviri navana. Vakanga vakapfeka nguo
chena uye vane korona dzegoridhe mumisoro yavo. 5 Pachigaro choushe
pakabuda kupenya kwemheni, kudengenyeka uye namaungira okutinhira.
Pamberi pechigaro choushe, pakanga pane mwenje minomwe yaipfuta.
Iyi ndiyo mweya minomwe yaMwari. 6 Pamberi pechigaro choushe
paivawo nezvaitarisika segungwa regirazi, rakachena sedombo rekristaro.
Pakati, paipoteredza chigaro choushe, pakanga pane zvisikwa zvina,
uye zvakanga zvakafukidzwa nameso, mberi neshure. 7 Chisikwa
chipenyu chokutanga chakanga chakaita seshumba, chechipiri chakanga
chakaita senzombe, chechitatu chakanga chine chiso sechomunhu,
chechina chakanga chakaita segondo rinobhururuka. 8 Chimwe nechimwe
chezvisikwa zvipenyu zvina chakanga china mapapiro matanhatu uye
chakanga chakafukidzwa nameso kumativi ose, kunyange pasi pamapapiro acho. Masikati nousiku hazvina kumborega kuti:

“Mutsvene, mutsvene, mutsvene,
ndiye Ishe Mwari Wamasimba Ose,

akanga aripo, aripo, uye achazouya."
9 Pose paipa zvisikwa zvipenyu mbiri, kukudzwa nokuvonga kuna iye
anogara pachigaro choushe, iye anogara nokusingaperi-peri, 10 vakuru
makumi maviri navana vaiwira pasi pamberi pake iye anogara pachigaro
choushe, uye vaimunamata iye anogara nokusingaperi-peri. Vaikanda
korona dzavo pamberi pechigaro choushe vachiti:
11 "Makafanira, Ishe naMwari wedu,
kugamuchira kubwinya nokukudzwa, uye nesimba,
nokuti makasika zvinhu zvose,
nokuda kwenyu zvakasikwa,
uye zviripo nokuda kwenyu."

# 5

*Gwayana neBhuku Rakapetwa*

1 Ipapo ndakaona muruoko rworudyi rwaiye akanga agere pachigaro
choushe bhuku rakanga rakapetwa, rakanga rakanyorwa kumativi ose
uye rakanamwa nezvisimbiso zvinomwe. 2 Uye ndakaona mutumwa ane
simba achidanidzira nenzwi guru achiti, "Ndiani akafanira kusunungura
chisimbiso nokuzarura bhuku rakapetwa?" 3 Asi hakuna munhu kudenga
kana panyika kana pasi penyika aigona kuzarura bhuku rakapetwa kana
kunyange kutarira mukati maro. 4 Ndakachema nokuchema kukuru
nokuti hakuna munhu akawanikwa akanga akafanira kuzarura bhuku
rakapetwa kana kutarira mukati maro. 5 Ipapo mumwe wavakuru
akati kwandiri, "Usachema! Tarira, Shumba yorudzi rwaJudha, Mudzi
waDhavhidhi, akakunda. Iye anogona kuzarura bhuku rakapetwa
nezvisimbiso zvaro zvinomwe."
6 Ipapo ndakaona pakati pechigaro choushe nezvisikwa zvipenyu zvina
napakati pavakuru, Gwayana rakanga rimire uye rakaita serabayiwa,
rine nyanga nomwe nameso manomwe, inova ndiyo mweya minomwe
yaMwari yakatumwa munyika yose. 7 Rakauya rikatora bhuku rakapetwa
muruoko rworudyi rwaiye akanga agere pachigaro choushe. 8 Uye
rakati raritora, zvisikwa zvipenyu zvina navakuru makumi mana navana
vakawira pasi pamberi peGwayana. Mumwe nomumwe akanga ano
rudimbwa uye vakanga vakabata ndiro dzegoridhe dzakanga dzizere
nezvinonhuhwira, inova ndiyo minyengetero yavatsvene. 9 Uye vakaimba
rwiyo rutsva runoti:
"Ndimi makafanira kutora bhuku rakapetwa
kuti muzarure zvisimbiso zvaro,
nokuti ndimi makaurayiwa,
uye neropa renyu makatengera Mwari vanhu
kubva kumarudzi ose uye nendimi dzose, navanhu nendudzi.
10 Makavaita ushe navaprista kuti vashumire Mwari wedu,
uye vachatonga panyika."
11 Ipapo ndakatarira uye ndikanzwa inzwi ravatumwa vazhinji, zviuru
nezviuru negumi rezviuru zvamazana. Vakakomberedza chigaro choushe
nezvisikwa zvipenyu uye navakuru. 12 Vakaimba nenzwi guru vachiti:
"Gwayana ndiro rakafanira, iro rakanga raurayiwa,
kuti rigamuchire simba nepfuma nouchenjeri nesimba
nokukudzwa nokubwinya uye nokurumbidzwa!"
13 Ipapo ndakanzwa zvisikwa zvose kudenga napanyika napasi penyika
uye napamusoro pegungwa, nezvose zviri mazviri, zvichiimba zvichiti:

"Kuna iye anogara pachigaro choushe uye nokuGwayana
ngakuve nokurumbidzwa nokukudzwa nokubwinya uye nesimba,
nokusingaperi-peri!"
14 Zvisikwa zvipenyu zvina zvakati, "Ameni," uye vakuru vakawira pasi
vakanamata.

# 6

*Zvisimbiso*

1 Ndakatarisa Gwayana paraizarura chimwe chezvisimbiso zvinomwe.
Ipapo ndakanzwa chimwe chezvisikwa zvipenyu zvina chichiti nenzwi
rainge rokutinhira, "Uya!" 2 Ndakatarira, uye ipapo pamberi pangu
pakanga pane bhiza jena! Akanga akaritasva akanga akabata uta, uye
akapiwa korona, akakwira akabuda somukundi kuti andokunda.

3 Gwayana rakati razarura chisimbiso chechipiri, ndakanzwa chisikwa
chipenyu chechipiri chichiti, "Uya!" 4 Ipapo rimwe bhiza rakabuda, riri
dzvuku kwazvo. Mutasvi waro akapiwa simba rokubvisa rugare panyika
nokuita kuti vanhu vaurayane. Munondo mukuru wakapiwa kwaari.

5 Gwayana rakati razarura chisimbiso chechitatu, ndakanzwa chisikwa
chipenyu chechitatu chichiti, "Uya!" Ndakatarira, uye pamberi pangu
ipapo pakanga pane bhiza dema! Mutasvi waro akanga akabata zviyero
zviviri muruoko rwake. 6 Ipapo ndakanzwa kurira kwainge inzwi
pakati pezvisikwa zvipenyu zvina richiti, "Chiyero chegorosi ndicho
mubayiro webasa rezuva rimwe chete, uye zviyero zvitatu zvebhari
ndizvo mubayiro webasa rezuva rimwe chete, uye musakanganisa mafuta
newaini!"

7 Gwayana rakati razarura chisimbiso chechina, ndakanzwa inzwi
rechisikwa chipenyu chechina richiti, "Uya!" 8 Ndakatarira, uye ipapo
pamberi pangu pakanga pane bhiza rakanga rakacheneruka! Mutasvi
waro ainzi Rufu, uye Hadhesi rakanga richimutevera riri pedyo mumashure make. Vakanga vapiwa simba pamusoro pechikamu chechina
chenyika kuti vauraye nomunondo, nenzara nedenda, uye nezvikara
zvenyika.

9 Akati azarura chisimbiso chechishanu, ndakaona pasi pearitari
mweya yaavo vakanga vaurayiwa nokuda kweshoko raMwari uye nokuda
kwokupupura kwavakanga vaita. 10 Vakadanidzira nenzwi guru vachiti,
"Ishe Tenzi, mutsvene wezvokwadi, mucharega kutonga vanogara panyika
nokutsiva ropa redu kusvikira riniko?" 11 Ipapo mumwe nomumwe
wavo akapiwa nguo chena, uye vakaudzwa kuti vamirire kwechinguva
chiduku, kusvikira kuwanda, kwavamwe varanda pamwe chete navo
nehama dzavo avo vaifanira kuurayiwa saivo, kwakwana.

12 Ndakatarira paaizarura chisimbiso chechitanhatu. Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru. Zuva rakasviba rikaita senguo dzamasaga
dzakaitwa namakushe embudzi, mwedzi wose ukashanduka ukatsvuka
seropa, 13 uye nyeredzi dzomudenga dzakawira panyika, samaonde eshure
azuka kubva mumuonde paunenge wazungunuswa nemhepo ine simba.
14 Denga rakabva sebhuku rinopetwa, uye makomo ose nezvitsuwa
zvakabviswa panzvimbo dzazvo.

15 Ipapo madzimambo enyika, machinda, vatungamiri, vapfumi, vane
simba, navaranda vose uye navanhu vakasununguka vakavanda mumapako napakati pamabwe amakomo. 16 Vakadanidzira kumakomo nokumabwe vachiti, "Wirai pamusoro pedu uye mutivige kubva kuchiso chaiye

anogara pachigaro choushe nepahasha dzeGwayana! 17 Nokuti zuva guru
rehasha dzavo rasvika, uye ndianiko anogona kumira?"

# 7

## *Vanhu Zviuru Zana naMakumi Mana neZvina vanoiswa Chisimbiso*

1 Shure kwaizvozvi, ndakaona vatumwa vana vamire pamakona
mana enyika, vakabata mhepo ina dzenyika kuti vadzivise mhepo ipi
zvayo kuvhuvhuta panyika kana pamusoro pegungwa kana pamuti upi
zvawo. 2 Ipapo ndakaona mumwe mutumwa achibva kumabvazuva, ane
chisimbiso chaMwari mupenyu. Akadanidzira nenzwi guru kuvatumwa
vana vakanga vapiwa simba rokuti vatadzire nyika negungwa akati:
3 "Musatadzira nyika kana gungwa kana miti kusvikira taisa chisimbiso
pahuma dzavaranda vaMwari." 4 Ipapo ndakanzwa kuwanda kwaavo
vakanga vaiswa chisimbiso: zviuru zana namakumi mana nezvina, kubva
kumarudzi ose avaIsraeri.

5 Kubva kurudzi rwaJudha, zviuru gumi nezviviri vakaiswa chisimbiso,
kubva kurudzi rwaRubheni, zviuru gumi nezviviri,
kubva kurudzi rwaGadhi, zviuru gumi nezviviri,
6 kubva kurudzi rwaAsheri, zviuru gumi nezviviri,
kubva kurudzi rwaNafutari, zviuru gumi nezviviri,
kubva kurudzi rwaManase, zviuru gumi nezviviri,
7 kubva kurudzi rwaSimeoni, zviuru gumi nezviviri,
kubva kurudzi rwaRevhi, zviuru gumi nezviviri,
kubva kurudzi rwaIsakari, zviuru gumi nezviviri,
8 kubva kurudzi rwaZebhuruni, zviuru gumi nezviviri,
kubva kurudzi rwaJosefa zviuru gumi nezviviri,
kubva kurudzi rwaBhenjamini zviuru gumi nezviviri.

## *Vazhinji zhinji vakanga vakapfeka nguo chena*

9 Shure kwaizvozvi ndakatarira uye ndikaona ipapo pamberi pangu
vazhinji zhinji vakanga vasingagoni kuverengwa, vaibva kundudzi dzose,
nokumarudzi ose, navanhu vemitauro yose, vamire pamberi pechigaro
choushe napamberi peGwayana. Vakanga vakapfeka nguo chena uye
vakabata matavi emichindwe mumaoko avo. 10 Uye vakadanidzira nenzwi
guru vachiti:
"Ruponeso ndorwaMwari wedu,
anogara pachigaro choushe,
uye ndorweGwayana."
11 Vatumwa vose vakanga vamire vakakomberedza chigaro choushe uye
vakakomberedza vakuru nezvisikwa zvipenyu zvina. Vakawira pasi
nezviso zvavo pamberi pechigaro choushe vakanamata Mwari, 12 vachiti:
"Ameni!
Kurumbidzwa nokubwinya
nouchenjeri nokuvonga nokukudzwa
noushe nesimba
ngazvive kuna Mwari wedu nokusingaperi-peri.
Ameni!"
13 Ipapo mumwe wavakuru akandibvunza akati, "Ava vakapfeka nguo
chena, ndivanaaniko, uye vakabvepi?"
14 Ndakapindura ndikati, "Ishe, imi munoziva."

Uye iye akati, "Ava ndivo vaya vakabuda mukutambudzika kukuru; vakasuka nguo dzavo vakadzichenesa muropa reGwayana.
15 Naizvozvo,
"vari pamberi pechigaro chaMwari
uye vanomushumira masikati nousiku mutemberi yake;
uye iye anogara pachigaro choushe achatambanudza tende rake pamusoro pavo.
16 Havachazoziyi nenzara zvakare;
havachazonzwi nyota zvakare.
Havachazopiswi nezuva,
kana nokupisa kupi zvako.
17 Nokuti Gwayana riri pakati pechigaro choushe richava mufudzi wavo;
richavatungamirira kumatsime emvura mhenyu.
Uye Mwari achapukuta misodzi yose pameso avo."

# 8

### *Chisimbiso cheChinomwe noMudziyo weZvinonhuhwira weGoridhe*

1 Akati azarura chisimbiso chechinomwe, kwakava nokunyarara kudenga kwenguva inenge hafu yeawa.

2 Uye ndakaona vatumwa vanomwe vanomira pamberi paMwari, uye vakapiwa hwamanda nomwe.

3 Mumwe mutumwa, akanga ano mudziyo wezvinonhuhwira wegoridhe, akauya akamira paaritari. Akapiwa zvinonhuhwira zvizhinji zvokuzopa, pamwe chete neminyengetero yavatsvene vose, paaritari yegoridhe pamberi pechigaro choushe.
4 Utsi hwezvinonhuhwira, pamwe chete neminyengetero yavatsvene, zvakakwira pamberi paMwari kubva muruoko rwomutumwa.
5 Ipapo mutumwa akatora mudziyo wezvinonhuhwira, akauzadza nomoto waibva paaritari, akaukanda panyika; uye ipapo kwakaita mabhanan'ana, maungira okutinhira, kupenya kwemheni nokudengenyeka kwenyika.

### *Hwamanda*

6 Ipapo vatumwa vanomwe vakanga vane hwamanda nomwe vakagadzirira kudziridza.

7 Mutumwa wokutanga akaridza hwamanda yake, ipapo kukauya chimvuramabwe nomoto zvakavhenganiswa neropa, uye zvikakandwa pamusoro penyika. Chikamu chimwe chete muzvitatu chenyika chakapiswa, chikamu chimwe chete muzvitatu chemiti chikapiswa, uye uswa hwose hunyoro hukapiswa.

8 Mutumwa wechipiri akaridza hwamanda yake uye chimwe chinhu chakanga chakaita segomo guru, raipfuta rose, chikakandwa mugungwa. Chikamu chimwe chete muzvitatu chegungwa chakashanduka chikava ropa,
9 chikamu chimwe chete muzvitatu chezvisikwa zvipenyu zviri mugungwa chikafa, uye chikamu chimwe chete muzvitatu chezvikepe chikaparadzwa.

10 Mutumwa wechitatu akaridza hwamanda yake, uye nyeredzi huru, yakanga ichipfuta somwenje, yakawa kubva kudenga pamusoro pechikamu chimwe chete muzvitatu chenzizi nezvitubu zvemvura,
11 zita renyeredzi rainzi Chinovava. Chikamu chimwe chete muzvitatu chemvura zhinji chakavava, uye vanhu vazhinji vakafa nokuda kwemvura yakanga yovava.

12 Mutumwa wechina akaridza hwamanda yake, uye chikamu chimwe chete muzvitatu chezuva chikarohwa, chikamu chimwe chete muzvitatu

chomwedzi, nechikamu chimwe chete muzvitatu chenyeredzi, zvokuti
chikamu chimwe chete muzvitatu chazvo chakashanduka chikasviba.
Chikamu chimwe chete muzvitatu chezuva iro chakanga chisina chiedza,
uyewo nechikamu chimwe chete muzvitatu chousiku uhwo.

13 Pandakatarira, ndakanzwa gondo rakanga richibhururuka pakati
pomuchadenga richirira nenzwi guru richiti, "Nhamo! Nhamo! Nhamo
kuna vanogara panyika, nokuda kwehwamanda dzava kuda kuzoridzwa
navamwe vatumwa vatatu!"

# 9

1 Mutumwa wechishanu akaridza hwamanda yake, ndikaona nyeredzi
yakanga yawira panyika ichibva kudenga. Nyeredzi yakapiwa kiyi
yegomba rakadzika zvisina mugumo. 2 Akati azarura gomba rakadzika
zvisina mugumo, utsi hwakabuda mariri soutsi hunobva muvira guru ro-
moto. Zuva nomwedzi zvakasvibiswa noutsi hwaibva mugomba rakadzika
zvisina mugumo. 3 Uye muutsi makabuda mhashu dzikauya panyika
uye dzikapiwa simba rakaita serezvinyavada zvenyika. 4 Dzakaudzwa
kuti dzirege kuparadza uswa hwenyika kana zvirimwa, kana miti ipi
zvayo, asi vanhu vaya chete vakanga vasina chisimbiso chaMwari pahuma
dzavo. 5 Hadzina kupiwa simba rokuvauraya, asi kungovarwadzisa
chete kwemwedzi mishanu. Uye kurwadziwa kwavo kwakanga kwakaita
sokworumborera rwechinyavada pachinoruma munhu. 6 Mumazuva
iwayo vanhu vachatsvaka rufu, asi havangaruwani; vachashuva kufa asi
kufa kuchavanzvenga.

7 Mhashu dzakanga dzakaita samabhiza agadzirirwa kundorwa.
Pamisoro yadzo dzakanga dzakapfeka zvinhu zvinenge korona yegoridhe,
uye zviso zvadzo zvakaita sezvavanhu. 8 Bvudzi radzo rakanga rakaita
sebvudzi romukadzi, uye meno adzo akanga akaita semeno eshumba.
9 Dzakanga dzine zvidzitiro zvechipfuva zvakaita sezvidzitiro zvesimbi,
uye mubvumo wamapapiro wakanga wakaita sokutinhira kwengoro
namabhiza mazhinji ari kumhanyira kundorwa. 10 Dzakanga dzine miswe
norumborera sorwezvinyavada, uye mumiswe yadzo dzakanga dzine
simba rokurwadzisa vanhu kwemwedzi mishanu. 11 Dzakanga dzino
mutumwa wegomba rakadzika zvisina mugumo, samambo wadzo, zita
rake muchiHebheru ndiAbhadhoni, uye muchiGiriki, ndiAporioni.

12 Nhamo yokutanga yapfuura; dzimwe nhamo mbiri dziri kutevera.

13 Mutumwa wechitanhatu akaridza hwamanda yake, ndikanzwa inzwi
richibuda munyanga dzearitari yegoridhe iri pamberi paMwari. 14 Rakati
kumutumwa wechitanhatu akanga ane hwamanda, "Sunungura vatumwa
vana, vakasungwa parwizi rukuru Yufuratesi." 15 Uye vatumwa vana
vakanga vakagadzirirwa zveawa yacho iyoyo, zuva iroro, mwedzi iwoyo,
negore iroro, vakasunungurwa kuti vauraye chikamu chimwe chete
muzvitatu chamarudzi avanhu. 16 Kuwanda kwavarwi vamabhiza kwaiva
mamiriyoni mazana maviri. Ndakanzwa kuwanda kwavo.

17 Mabhiza navatasvi vandakaona muchiratidzo changu vakanga
vakadai: Zvidzitiro zvavo zvechipfuva zvakanga zviri zvitsvuku,
nezvitema, uye zviri yero sesafuri. Misoro yamabhiza yakanga
yakafanana nemisoro yeshumba, uye mumuromo mazvo maibuda moto,
noutsi nesafuri. 18 Chikamu chimwe chete muzvitatu chamarudzi avanhu
chakaurayiwa namatambudziko matatu omoto, utsi nesafuri zvakabuda
mumiromo yawo. 19 Simba ramabhiza rakanga riri mumiromo yawo

nomumiswe yawo; nokuti miswe yawo yakanga yakaita senyoka, ine misoro yaayiruma nayo.
[20] Vakasara vavanhu vasina kuurayiwa namatambudziko aya havana kutendeuka pabasa ramaoko avo; havana kurega kunamata madhimoni, nokunamata zvifananidzo zvegoridhe, sirivha, nendarira, matombo na-
matanda, zvifananidzo zvisingagoni kuona, kunzwa kana kufamba. [21] Uye
havana kutendeuka muumhondi hwavo, pauroyi hwavo, napaupombwe hwavo, kana kuba kwavo.

# 10

### *Mutumwa neBhuku Duku Rakapetwa*

[1] Ipapo ndakaona mumwe mutumwa ane simba achiburuka kubva kudenga. Akanga akafukidzwa mugore, nomuraravungu pamusoro pake; chiso chake chakanga chakaita sezuva, uye makumbo ake akanga akaita
sembiru dzomoto. [2] Akanga akabata bhuku duku rakapetwa, rakanga rakazaruka muruoko rwake. Akaisa rutsoka rwake rworudyi pagungwa
uye rworuboshwe rwakatsika panyika, [3] uye akadanidzira nenzwi guru sokuomba kweshumba. Akati adanidzira, inzwi rokutinhira kunomwe
rakataura. [4] Uye kutinhira kunomwe kwakati kwataura, ndakanga ndava kuda kunyora; asi ndakanzwa inzwi richibva kudenga richiti, "Namira zvarehwa nokutinhira kunomwe uye usazvinyora pasi."
[5] Ipapo mutumwa wandakanga ndaona amire pagungwa napanyika
akasimudzira ruoko rwake rworudyi kudenga. [6] Uye akapika naiye anogara nokusingaperi-peri, iye akasika matenga nezvose zviri maari, nyika nezvose zviri mairi, uye negungwa nezvose zviri mariri, akati,
"Hapachazombovizve nokunonoka! [7] Asi pamazuva ayo mutumwa wechi-
nomwe paanenge oda kuridza hwamanda yake, chakavanzika chaMwari chichapedziswa, sezvaakazivisa varanda vake ivo vaprofita."
[8] Ipapo inzwi randakanga ndanzwa richibva kudenga rakataurazve kwandiri richiti, "Enda, utore bhuku rakapetwa rakazarurwa muruoko rwomutumwa amire pagungwa napanyika."
[9] Saka ndakaenda kumutumwa ndikamukumbira kuti andipe bhuku duku rakapetwa. Akati kwandiri, "Tora uridye. Richavavavisa dumbu
rako, asi mumuromo mako richatapira souchi." [10] Ndakatora bhuku duku
rakapetwa kubva muruoko rwomutumwa ndikaridya. Raitapira soku-tapira kunoita uchi mumukanwa mangu, asi ndakati ndaridya, mudumbu
mangu makavava. [11] Ipapo ndakaudzwa kuti, "Unofanira kuprofitazve
pamusoro pavanhu vazhinji, ndudzi, ndimi namadzimambo."

# 11

### *Zvapupu Zviviri*

[1] Ndakapiwa rutsanga rwakaita setsvimbo yokuyera ndikaudzwa kuti, "Enda undoyera temberi yaMwari nearitari, ugoverenga vanamati vari
imomo. [2] Asi usiye ruvazhe rwokunze; usaruyera, nokuti rwakapiwa kune veDzimwe Ndudzi. Vachafamba-famba muguta dzvene kwemwedzi
makumi mana nemiviri. [3] Uye ndichapa simba kuzvapupu zvangu zviviri, uye vachaprofita kwamazuva chiuru chimwe chete namazana
maviri namakumi matanhatu, vakapfeka nguo dzamasaga." [4] Ava
ndivo miti miviri yomuorivhi nezvigadziko zviviri zvemwenje zvimire
pamberi paIshe wenyika. [5] Kana munhu upi zvake akaedza kuvakuvadza,

moto unobuda mumiromo yavo ugoparadza vavengi vavo. Aya ndiwo
mafiro achaita ani zvake anoda kuvakuvadza. 6 Varume ava vane
simba rokuzarira denga kuti mvura irege kunaya panguva yavanenge
vachiprofita; uye vane simba rokushandura mvura kuti ive ropa nokurova
nyika namatenda amarudzi ose sapavanodira zvavo.

7 Zvino pavanenge vapedza kupupura kwavo, chikara chinobva mu-
gomba rakadzika zvisina mugumo chichavarwisa, chigovakunda uye
chichavauraya. 8 Mitumbi yavo icharaswa munzira yomuguta guru, ri-
nonzi kana richifananidzirwa, Sodhomu neIjipiti, uko kwakarovererwawo
Ishe wavo. 9 Kwamazuva matatu nehafu, vanhu vanobva kuvanhu vose,
kumarudzi ose, kundimi dzose, nokundudzi dzose vacharamba vakatarira
mitumbi yavo uye vachadzivisa kuvigwa kwayo. 10 Vanogara panyika
vachafara pamusoro pavo uye vachapembera vagotumirana zvipo, nokuti
vaprofita vaviri ava vakatambudza avo vanogara panyika.

11 Asi mushure mamazuva matatu nehafu, mweya woupenyu wakabva
kuna Mwari wakapinda mavari, vakamira netsoka dzavo, kutya kukabata
avo vakavaona. 12 Ipapo vakanzwa inzwi guru richibva kudenga richiti,
“Kwirai kuno.” Uye vakakwira kudenga vari mugore, vavengi vavo
vachizviona.

13 Panguva yacho iyoyo kwakava nokudengenyeka kukuru kwenyika
uye chegumi cheguta chikaondomoka. Zviuru zvinomwe zvavanhu
zvakaurayiwa mukudengenyeka kwenyika ikoko, uye vakasara vakavhun-
dutswa nazvo vakarumbidza Mwari wokudenga.

14 Nhamo yechipiri yapfuura; nhamo yechitatu iri kuuya nokukuru-
midza.

### *Hwamanda yeChinomwe*

15 Mutumwa wechinomwe akaridza hwamanda yake, kudenga kukava
namanzwi makuru aiti:

“Umambo hwenyika hwava umambo waIshe wedu naKristu wake,
uye achatonga nokusingaperi-peri.”

16 Uye vakuru makumi maviri navana, vakanga vagere pazvigaro zvavo
zvoushe pamberi paMwari, vakawira pasi nezviso zvavo vakanamata
Mwari, 17 vachiti:

“Tinokuvongai imi, Ishe Mwari Wamasimba Ose,
Iye aripo uye akanga aripo,
nokuti matora simba renyu guru
uye matanga kutonga.

18 Ndudzi dzakatsamwa; uye hasha dzenyu dzauya.

Nguva yokutonga vakafa yasvika,
neyokupa varanda venyu vaprofita mubayiro,
uye navatsvene venyu neavo vanotya zita renyu,
zvose vaduku navakuru,
uye neyokuparadza avo vanoparadza nyika.”

19 Ipapo temberi yaMwari iri kudenga yakazarurwa, uye mukati
metemberi yake makaonekwa areka yake yesungano. Uye ipapo kwakava
nokupenya kwemheni, mururomero, maungira okutinhira, kudengenyeka
nemvura yechimvuramabwe yakawanda.

## 12

### *Mukadzi neShato*

1 Chiratidzo chikuru uye chinoshamisa chakaonekwa kudenga: mukadzi
akanga akapfeka zuva, mwedzi uri pasi petsoka dzake, nekorona ine
nyeredzi gumi nembiri pamusoro wake. 2 Akanga ane mimba uye
akadanidzira mukurwadziwa sezvo akanga ava kupona. 3 Ipapo chimwe
chiratidzo chakaonekwa kudenga: shato huru tsvuku ine misoro mi-
nomwe nenyanga gumi nekorona nomwe mumisoro yayo. 4 Muswe
wayo wakatsvaira chikamu chimwe chete muzvitatu chenyeredzi kubva
kudenga ukadzikanda pasi. Shato yakamira pamberi pomukadzi akanga
ava kuzvara, kuitira kuti iparadze mwana wake kana angozvarwa.
5 Akazvara mwanakomana, munhurume, achazotonga ndudzi dzose
netsvimbo yesimbi. Uye mwana wake akatorwa akaendeswa kuna Mwari
nokuchigaro chake choushe. 6 Mukadzi akatizira kugwenga kunzvimbo
yaakanga agadzirirwa naMwari, kwaaizochengetwa kwamazuva chiuru
namazana maviri namakumi matanhatu.

7 Uye kudenga kwakava nehondo. Mikaeri navatumwa vake vakarwa
neshato, uye shato navatumwa vayo ikadzorerawo. 8 Asi yakanga isina
simba rakakwana, uye nzvimbo yavo yakashayikwa kudenga. 9 Shato
huru yakakandwa pasi, iyo nyoka yekare inonzi dhiabhori, kana kuti Sa-
tani, anotsausa nyika yose. Akakandwa panyika pamwe chete navatumwa
vake.

10 Ipapo ndakanzwa inzwi guru kudenga richiti:

"Zvino ruponeso nesimba noumambo hwaMwari wedu zvasvika,
uye nesimba raKristu wake.
Nokuti mupomeri wehama dzedu,
iye anovapomera pamberi paMwari wedu masikati nousiku,
akandwa panyika.
11 Vakamukunda
neropa reGwayana
uye neshoko rokupupura kwavo;
havana kuda upenyu hwavo zvakanyanya
zvokuti vangatya kufa.
12 Naizvozvo farai, imi matenga
nemi munogara maari!
Asi mune nhamo imi nyika negungwa,
nokuti dhiabhori aburuka kwamuri!
Akatsamwa kwazvo,
nokuti anoziva kuti nguva yake ipfupi."

13 Shato yakati yaona kuti yakanga yakandwa panyika, yakadzingan-
isa mukadzi akanga azvara mwana mukomana. 14 Mukadzi akapiwa
mapapiro maviri egondo guru, kuitira kuti agobhururuka achienda
kunzvimbo yaakanga agadzirirwa kugwenga, uko kwaaizochengetwa
kwenguva nedzimwe nguva nehafu yenguva, kusingasviki nyoka. 15 Ipapo
nyoka yakabudisa mvura yakaita sorwizi kubva mumuromo mayo, kuti
ikukure mukadzi namafashamu. 16 Asi nyika yakabatsira mukadzi
nokuzarura muromo wayo ikamedza rwizi rwakanga rwabudiswa ne-
shato mumuromo wayo. 17 Ipapo shato yakatsamwira mukadzi ikaenda
kundorwa navana vake vakanga vasara, vaya vanoteerera mirayiro
yaMwari uye vanobatirira pauchapupu hwaJesu.

# 13

*Chikara chakabva muGungwa*

1 Uye shato yakamira pamahombekombe egungwa. Uye ndakaona
chikara chichibuda mugungwa. Chakanga chine nyanga gumi nemisoro
minomwe, nekorona gumi panyanga dzacho, uye pamusoro mumwe
nomumwe paiva nezita rokumhura. 2 Chikara chandakaona chakanga
chakaita sembada, asi chakanga china makumbo akaita seebere uye
muromo wakaita soweshumba. Shato yakapa chikara simba rayo
nechigaro chayo choushe nesimba rayo guru. 3 Mumwe wemisoro
yechikara wakaita sowakuvadzwa kusvikira parufu, asi vanga raifanira
kuchiuraya rakanga rapora. Nyika yose yakashamiswa uye ikatevera
chikara. 4 Vanhu vakanamata shato nokuti yakanga yapa simba kuchikara,
uye vakanamatawo chikara vachiti, "Ndianiko akaita sechikara? Ndianiko
angarwa nacho?"

5 Chikara chakapiwa muromo wokutaura mashoko okuzvikudza
neokumhura nokushandisa simba racho kwemwedzi makumi mana
nemiviri. 6 Chakashamisa muromo wacho kuti chimhure Mwari, uye kuti
chituke zita rake nenzvimbo yake yokugara, neyaavo vanogara kudenga.
7 Chakapiwa simba kuti chirwe navatsvene uye kuti chivakunde. Uye
chakapiwa simba pamusoro pamarudzi ose, navanhu vose, nendimi dzose
uye nendudzi dzose. 8 Vose vanogara panyika vachanamata chikara, vose
vana mazita asina kunyorwa mubhuku roupenyu reGwayana rakabayiwa
kubva pakusikwa kwenyika.

9 Ane nzeve, ngaanzwe.

10 Kana munhu achifanira kupinda muutapwa,
muutapwa achapinda hake.
Kana munhu achifanira kuurayiwa nomunondo,
nomunondo achaurayiwa hake.
Apa ndipo panodikanwa kutsungirira nokutendeka kwavatsvene.

### *Chikara chakabva muNyika*

11 Ipapo ndakaona chimwe chikara, chichibva munyika. Chakanga
chine nyanga mbiri segwayana, asi chaitaura seshato. 12 Chakashandisa
simba rose rechikara chokutanga pachinzvimbo chacho, uye chakaita kuti
nyika navageremo vanamate chikara chokutanga, chiya chakanga chapora
vanga racho raifanira kuchiuraya. 13 Uye chakaita zviratidzo nezvishamiso
zvikuru, kunyange kuita kuti moto uburuke kubva kudenga uchiuya
panyika vanhu vachinyatsoona. 14 Nokuda kwesimba rachakapiwa kuti
chiite pachinzvimbo chechikara chokutanga, chakanyengera vanogara
panyika. Chakavarayira kuti vamise chifananidzo chokuremekedza
chikara chiya chakanga chakuvadzwa nomunondo asi chikararama.
15 Chakapiwa simba rokupa upenyu kuchifananidzo chechikara choku-
tanga, kuti chigone kutaura uye chigoita kuti vose vanoramba kunamata
chifananidzo vaurayiwe. 16 Chakamanikidza munhu wose, muduku
nomukuru, mupfumi nomurombo, akasununguka nomutapwa, kuti va-
piwe mucherechedzo paruoko rwavo rworudyi kana pahuma yavo,
17 kuitira kuti kurege kuva nomunhu angagona kutenga kana kutengesa
kunze kwokunge ano mucherechedzo, unova ndiwo zita rechikara kana
chiverengo chezita racho.

18 Izvi zvinoda uchenjeri. Kana pano munhu anoziva, ngaaverenge
chiverengo chechikara, nokuti ndicho chiverengo chomunhu. Chiverengo
chacho ndichochi: Mazana matanhatu namakumi matanhatu nenhan-
hatu.

# 14

### *Gwayana naVanhu Zviuru Zana naMakumi Mana neZvina*

1 Ipapo ndakatarisa, ndikaona pamberi pangu pakanga pane Gwayana,
rimire paGomo reZioni, uye rakanga rina vanhu zviuru zana namakumi
mana navana vakanga vakanyorwa zita raro nezita raBaba varo pahuma
dzavo. 2 Uye ndakanzwa inzwi richibva kudenga rakaita somub-
vumo wemvura zhinji uye samaungira okutinhira. Inzwi randakanzwa
rakanga rakaita seravaridzi vorudimbwa vanoridza rudimbwa rwavo.
3 Uye vakaimba rwiyo rutsva pamberi pechigaro choushe napamberi
pezvisikwa zvipenyu zvina uye napamberi pavakuru. Hakuna munhu
aigona kudzidza rwiyo urwo kunze kwaava zviuru zana namakumi mana
navana vakanga vadzikinurwa kubva panyika. 4 Ava ndivo vaya vasina
kuzvisvibisa navakadzi, nokuti vakazvichenesa. Vanotevera Gwayana
kwose kwarinoenda. Vakatengwa pakati pavanhu vakapiwa kuti vave
sezvipiriso zvezvibereko zvokutanga kuna Mwari nokuGwayana. 5 Nhema
hadzina kuwanikwa mumiromo yavo; havana chavanopomerwa.

### *Vatumwa Vatatu*

6 Ipapo ndakaona mumwe mutumwa achibhururuka pakati
pechadenga, uye akanga ane vhangeri risingaperi kuti aparidzire avo
vanogara panyika, kundudzi dzose, namarudzi ose, nendimi dzose uye
navanhu vose. 7 Akati nenzwi guru, "Ityai Mwari uye mumupe mbiri,
nokuti nguva yokutonga kwake yasvika. Namatai iye akaita matenga,
nyika, gungwa namatsime emvura."

8 Mutumwa wechipiri akatevera akati, "Rawa! Rawa Bhabhironi Guta
Guru, rakaita kuti ndudzi dzose dzinwe waini inopengesa youpombwe
hwaro."

9 Mutumwa wechitatu akavatevera uye akati nenzwi guru: "Kana
munhu achinamata chikara nechifananidzo chacho uye akapiwa
mucherechedzo wacho pahuma kana pamaoko, 10 naiyewo achanwa
waini yokutsamwa kwaMwari, yakadirwa sezvairi mumukombe wehasha
dzaMwari. Achatambudzwa nesafuri inopfuta pamberi pavatumwa
vatsvene napamberi peGwayana. 11 Uye utsi hwokutambudzika kwavo
hunokwira nokusingaperi-peri. Hapana zororo masikati kana usiku kuna
avo vanonamata chikara nechifananidzo chacho, kana kuna ani zvake
anogamuchira mucherechedzo wezita racho." 12 Izvi zvinoda kutsungirira
kwavatsvene vanoteerera mirayiro yaMwari uye vanoramba vakatendeka
kuna Jesu.

13 Ipapo ndakanzwa inzwi richibva kudenga richiti, "Nyora uti:
Vakaropafadzwa vakafa vanofira muna She kubva zvino."

"Hongu," ndizvo zvinoreva Mweya, "vachazorora pakubata kwavo
kukuru, nokuti mabasa avo achavatevera."

### *Kukohwewa kweNyika*

14 Ndakatarira, ipapo pamberi pangu pakanga pane gore jena, uye
akanga agere pagore akanga ari mumwe "akaita somwanakomana wom-
unhu" ane korona yegoridhe pamusoro wake uye ane jeko rinopinza
muruoko rwake. 15 Ipapo mumwe mutumwa akabuda mutemberi
akadanidzira nenzwi guru kuna iye akanga agere pagore akati, "Tora jeko
rako ugokohwa, nokuti nguva yokukohwa yasvika, nokuti gohwo renyika
raibva." 16 Saka iye akanga agere pagore akavheyesa jeko rake panyika,
nyika ikakohwewa.

[17] Mumwe mutumwa akabuda mutemberi iri mudenga, naiyewo akanga
ane jeko rinopinza. [18] Mumwezve mutumwa, akanga ane simba pamusoro
pomoto, akabuda achibva paaritari akadanidzira nenzwi guru kuna iye
akanga ane jeko rinopinza akati, "Tora jeko rako rinopinza ugounganidza
masumbu amazambiringa anobva pamuzambiringa wenyika, nokuti
mazambiringa awo aibva." [19] Mutumwa akavheyesa jeko rake pa-
nyika, akaunganidza mazambiringa awo akaakanda muchisviniro chikuru
chewaini chehasha dzaMwari. [20] Akatsikwa muchisviniro, kunze kweguta,
uye ropa rikayerera richibuda muchisviniro rikakwira kusvikira pam-
atomu amabhiza kwechinhambwe chinoita makiromita mazana matatu.

# 15

*Vatumwa Vanomwe naMatenda Manomwe*

[1] Ndakaona kudenga chimwe chiratidzo chikuru chinoshamisa ichi:
vatumwa vanomwe namatambudziko manomwe okupedzisira, nokuti
nawo hasha dzaMwari dzakapera. [2] Uye ndakaona chairatidzika se-
gungwa regirazi rakavhenganiswa nomoto uye parutivi rwegungwa
pakanga pamire, avo vakanga vakunda chikara nomufananidzo wacho
nechiverengo chezita racho. Vakabata madimbwa avakanga vapiwa
naMwari [3] uye vakaimba rwiyo rwaMozisi muranda waMwari norwiyo
rweGwayana, vachiti:

"Mabasa enyu makuru uye anoshamisa,
Ishe Mwari Wamasimba Ose.
Nzira dzenyu dzakarurama uye ndedzechokwadi,
imi Mambo wamakore.
[4] Ndianiko angarega kukutyai, imi Ishe,
kana kukudza zita renyu?
Nokuti ndimi moga mutsvene.
Ndudzi dzose dzichauya
dzigonamata pamberi penyu,
nokuti mabasa enyu akarurama akaratidzwa."

[5] Shure kwaizvozvi ndakatarira kudenga, uye temberi, iyo tabhenakeri
yeChipupuriro, yakanga yakazaruka. [6] Mutemberi makabuda va-
tumwa vanomwe vana matambudziko manomwe. Vakanga vakapfeka
nguo dzomucheka wakachena, unopenya uye vakamonera mabhanhire
egoridhe pazvipfuva zvavo. [7] Ipapo chimwe chezvisikwa zvipenyu
zvina chakapa kuvatumwa vanomwe ndiro nomwe dzizere nehasha
dzaMwari, iye anogara nokusingaperi-peri. [8] Uye temberi yakazadzwa
noutsi hunobva pakubwinya kwaMwari napasimba rake, uye hakuna
munhu aigona kupinda mutemberi kusvikira matambudziko manomwe
avatumwa vanomwe apera.

# 16

*Ndiro Nomwe dzoKutsamwa kwaMwari*

[1] Ipapo ndakanzwa inzwi guru richibva mutemberi richiti: kuvatumwa
vanomwe, "Endai, mundodurura ndiro nomwe dzehasha dzaMwari
panyika."

[2] Mutumwa wokutanga akaenda akandodurura ndiro yake pa-
nyika, maronda akaipa, anorwadza akabuda muvanhu vakanga vano
mucherechedzo wechikara uye vachinamata mufananidzo wacho.

3 Mutumwa wechipiri akadururura ndiro yake pagungwa, rikashanduka
rikava ropa seromunhu akafa, uye zvipenyu zvose zvomugungwa zvikafa.

4 Mutumwa wechitatu akadururura ndiro yake panzizi nomumatsime
emvura, zvikava ropa. 5 Ipapo ndakanzwa mutumwa aichengeta mvura
achiti:

“Imi makarurama mukutonga uku,
imi muripo uye makanga muripo, Mutsvene Oga,
nokuti makatonga saizvozvo;

6 nokuti vakateura ropa ravatsvene venyu navaprofita,
uye mavapa ropa kuti vanwe sezvavakafanirwa nazvo.”
7 Uye ndakanzwa aritari ichipindura ichiti:
“Hongu, Ishe Mwari Wamasimba Ose
kutonga kwenyu kwakarurama uye ndokwechokwadi.”

8 Mutumwa wechina akadururura ndiro yake pazuva, zuva rikapiwa
simba rokupisa vanhu nomoto. 9 Vakapiswa nokupisa kukuru vakatuka
zita raMwari, iye akanga ane simba pamusoro pamatambudziko aya, asi
vakaramba kutendeuka kuti vamukudze.

10 Mutumwa wechishanu akadururura ndiro yake pamusoro pechigaro
choushe chechikara, umambo hwacho hukakandwa murima. Vanhu
vakatsenga rurimi mukurwadziwa 11 vakatuka Mwari wokudenga nokuda
kwokurwadziwa kwavo namaronda avo, asi vakaramba kutendeuka pane
zvavakanga vaita.

12 Mutumwa wechitanhatu akadururura ndiro yake parwizi rukuru
Yufuratesi, mvura yarwo ikapwa kuti nzira yamadzimambo okumab-
vazuva ivepo. 13 Ipapo ndakaona mweya yakaipa mitatu yakanga
yakaita samatafi; yakabuda mumuromo meshato, mumuromo mechikara
nomumuromo momuprofita wenhema. 14 Iyi ndiyo mweya yamadhimoni
inoita zvishamiso nezviratidzo, uye inobuda ichienda kumadzimambo
enyika yose, kundovaunganidza kuti vandorwa pazuva guru raMwari
Wamasimba Ose.

15 “Tarirai ndinouya sembavha? Akaropafadzwa uyo anogara akasv-
inura uye anochengeta nguo dzake, kuti arege kufamba akashama
achinyadziswa nokusapfeka nguo.”

16 Ipapo vakaunganidza madzimambo pamwe chete panzvimbo inonzi
nechiHebheru Arimagedhoni.

17 Mutumwa wechinomwe akadururura ndiro yake mudenga, mutemberi
mukabuda inzwi guru richibva pachigaro choushe, richiti, “Zvaitwa!”
18 Ipapo kwakava nokupenya kwemheni, maungira okutinhira mab-
hanan’ana, maungira okutinhira, nokudengenyeka kwenyika kukuru.
Hakuna kumbova nokudengenyeka kwenyika kwakadaro kubva paku-
tanga kwavanhu kugara panyika; kwaiva kudengenyeka kukuru kwazvo.
19 Guta guru rakatsemuka rikaita mapandi matatu uye maguta endudzi
akakoromoka. Mwari akarangarira Bhabhironi guta guru akaripa
mukombe uzere newaini yokutsamwa kwehasha dzake. 20 Zvitsuwa
zvose zvakatiza uye makomo haana kugona kuwanikwa. 21 Kudenga
kwakabva chimvuramabwe chikuru chaiva neibwe rairema tarenda uye
ibwe rimwe nerimwe rakawira pavanhu. Uye vakatuka Mwari nokuda
kwedambudziko rechimvuramabwe, nokuti dambudziko iri rakanga
rakaipa kwazvo.

# 17

### *Mukadzi akanga agere pamusoro peChikara*

1 Mumwe wavatumwa vanomwe vakanga vane ndiro nomwe akauya
kwandiri akati, "Uya ndizokuratidza kurangwa kwechifeve chikuru,
chinogara pamusoro pemvura zhinji. 2 Naye, madzimambo enyika
akaita upombwe uye vanogara panyika vakadhakwa newaini youpombwe
hwake."

3 Ipapo mutumwa akanditakura ndiri muMweya akaenda neni kug-
wenga. Ikoko ndakaona mukadzi agere pamusoro pechikara chitsvuku
chakanga chakafukidzwa namazita okumhura uye chakanga chine misoro
minomwe nenyanga gumi. 4 Mukadzi uyu akanga akapfeka nguo
yepepuru nezvitsvuku uye aitaima negoridhe, mabwe anokosha nama-
parera. Akanga akabata mukombe wegoridhe muruoko rwake, uzere
nezvinonyangadza uye netsvina youpombwe hwake. 5 Zita iri rakanga
rakanyorwa pahuma yake:

chakavanzika
bhabhironi guta guru
mai vemhombwe
nezvinonyangadza zvenyika

6 Ndakaona kuti mukadzi uyu akanga araradza neropa ravatsvene, ropa
ravaya vanopupura Jesu.

Pandakamuona, ndakakatyamara zvikuru. 7 Ipapo mutumwa akati
kwandiri, "Seiko wakatyamara? Ndichakutsanangurira chakavanzika
chomukadzi uye nechechikara chaanotasva, chine misoro minomwe
nenyanga gumi. 8 Chikara, chawaona, chaivapo kare, zvino hachi-
sisipo, uye chichabuda mugomba rakadzika chigoenda kundoparadzwa.
Vanogara panyika vane mazita asina kunyorwa mubhuku roupenyu
kubva pakusikwa kwenyika, vachakatyamara pavachaona chikara, nokuti
chakanga chiripo, asi zvino hachisisipo, asi chichauya.

9 "Izvi zvava kuda pfungwa dzine uchenjeri. Misoro minomwe ndiwo
zvikomo zvinomwe zvinogarwa nomukadzi uyu. 10 Pane madzimambo
manomwewo. Vashanu vakawa, mumwe chete aripo, mumwe wacho
haasati auya; asi paanouya, anofanira kugara kwechinguva chiduku.
11 Chikara chiya chaivapo, uye chisisipo zvino, ndiye mambo worusere.
Ndiye mumwe wavanomwe uye ari kuzoparadzwa.

12 "Nyanga gumi dzawaona ndiwo madzimambo gumi vasati vaga-
muchira umambo, asi paawa imwe chete vachagamuchira simba samadz-
imambo pamwe chete nechikara. 13 Vane chinangwa chimwe chete uye
vachapa umambo hwavo nesimba ravo kuchikara. 14 Vachaita hondo
neGwayana, asi Gwayana richavakunda nokuti ndiye Ishe wamadzishe
naMambo wamadzimambo, uye vakadanwa varo ndivo vachava naro,
vakasanangurwa uye vateveri vakatendeka."

15 Ipapo mutumwa akati kwandiri, "Mvura zhinji yawaona, panog-
ara chifeve, ndiwo marudzi, navazhinji zhinji, nendudzi nemitauro
mizhinji. 16 Chikara nenyanga gumi dzawaona zvichavenga chifeve.
Zvichachiparadza zvigochisiya chisina kupfeka; zvichadya nyama yacho
zvigochipisa nomoto. 17 Nokuti Mwari akazviisa mumwoyo yavo kuti
apedze zvaaifunga nokubvuma kupa chikara simba rokutonga, kusvikira
mashoko aMwari azadziswa. 18 Mukadzi wawaona ndiro guta guru
rinotonga pamusoro pamadzimambo enyika."

# 18

*Kuwa kweBhabhironi*

1 Shure kwaizvozvi ndakaona mumwe mutumwa achiburuka kubva ku-
denga. Akanga ane simba guru, uye nyika yakavhenekerwa nokubwinya
kwake. 2 Akadanidzira nenzwi guru achiti:
"Rawa! Rawa Bhabhironi Guta Guru!
Rava musha wamadhimoni
nougaro hwemweya yose yakaipa,
ugaro hweshiri dzose dzine tsvina nedzinonyangadza.
3 Nokuti ndudzi dzose dzakanwa
waini inopengesa youpombwe hwaro.
Madzimambo enyika akaita upombwe naro,
uye vashambadziri venyika vakapfuma kubva pazvinofadza zvaro zvizhinji."
4 Ipapo ndakanzwa rimwe inzwi kudenga richiti:
"Budai mariri, vanhu vangu,
kuti muregе kugovana naro muzvivi zvaro,
kuti murege kugamuchira matambudziko aro api zvawo;
5 nokuti zvivi zvaro zvaita murwi unosvika kudenga,
uye Mwari arangarira mhosva dzaro.
6 Ritsivei semabasa arakaita;
ritsivei kaviri pane zvarakaita.
Murivhenganisire migove miviri mumukombe waro.
7 Rirwadzisei zvikuru uye murichemedze
sokuzvipa mbiri nomufaro kwarakaita.
Rinozvikudza mumwoyo maro richiti,
'Ndigere samambokadzi; handisi chirikadzi,
uye handingatongochemi.'
8 Naizvozvo, nezuva rimwe chete matambudziko ake achamukunda anoti:
rufu, kuchema, nenzara.
Achaparadzwa nomoto,
nokuti Ishe Mwari anomutonga mukuru.
9 "Madzimambo enyika, akaita upombwe naro uye akagovana naro
pamufaro waro achati achiona utsi hwokutsva kwaro, achachema uye
achaungudza pamusoro paro. 10 Vachitya kurwadziwa kwaro, vachamira
kure vagochema vachiti:
" 'Nhamo! Nhamo, iwe guta guru,
Iwe Bhabhironi, guta resimba!
Kuparara kwako kwasvika muawa imwe chete!'
11 "Vashambadziri venyika vachachema uye vachaungudza pamusoro
paro nokuti hakuna munhu achatenga nhumbi dzavozve, 12 nhumbi
dzegoridhe, sirivha, mabwe anokosha namaparera; micheka yakanaka,
yepepuru, sirika nemicheka mitsvuku; mhando dzose dzemiti inonhuh-
wira nezvinhu zvemhando dzose zvakagadzirwa nenyanga dzenzou, na-
matanda ano mutengo unokosha, ndarira, simbi namabwe akaurungana;
13 nhumbi dzesinamoni nezvinonhuhwira, mura nezvizoro zvinonhuh-
wira, waini namafuta omuorivhi, upfu hwakatsetseka negorosi; mombe
namakwai; mabhiza nengoro; nemiviri nemweya yavanhu.
14 "Vachati, 'Muchero wawaipanga wabviswa kwauri. Upfumi hwako
hwose nezvinobwinya zvako zvose zvapera, hazvichazowanikwizve.'
15 Vashambadziri vakatengesa zvinhu izvi uye vakawana pfuma yavo

kwariri vachamira kure, vachityiswa nokurwadziwa kwaro. Vachachema
uye vachaungudza 16 uye vachadanidzira vachiti:
" 'Nhamo! Nhamo, iwe guta guru,
wakapfeka mucheka wakanaka, nowepepuru, nomutsvuku,
uye unotaima negoridhe, namatombo anokosha namaparera!
17 Muawa imwe chete upfumi hwakakura kudai hwaparara!'

"Vafambisi vose vezvikepe mugungwa, navose vanofamba nezvikepe,
vashandi vomuzvikepe navose vanorarama nezvinobva mugungwa,
vachamira kure. 18 Pavachaona utsi hwokutsva kwaro, vachati, 'Pakam-
bova neguta rakaita seguta guru iri here?' 19 Vachakanda guruva pamisoro
yavo, uye nokuchema nokuungudza vachadanidzira vachiti:
" 'Nhamo! Nhamo, iro guta guru,
vose vaiva nezvikepe pagungwa
vakapfuma noupfumi hwaro!
Muawa imwe chete, raparara!
20 Farai pamusoro paro, imi denga!
Farai, vatsvene navapostori navaprofita!
Mwari aritonga nokuda kwamabatiro arakakuitai.' "

21 Ipapo mutumwa ane simba akasimudza dombo rakaenzana neguyo
guru akarikanda mugungwa, akati:
"Nechisimba chakadai
guta guru reBhabhironi richakandwa pasi,
risingazombowanikwazve.
22 Kuimba kwavaridzi vorudimbwa navaimbi, navaridzi venyere
navaridzi vehwamanda,
hakuchazonzwikwazve mauri.
Hakuna munhu webasa ripi zvaro
achazowanikwazve mauri.
Inzwi reguyo harichazonzwikwizve mauri.
23 Chiedza chomwenje hachichazovhenekerizve mauri.
Inzwi rechikomba neromwenga
hazvichazonzwikwazve mauri.
Vashambadziri vako vakanga vari vakuru venyika.
Nouroyi hwako ndudzi dzose dzakatsauswa.
24 Mariri makawanikwa ropa ravaprofita neravatsvene,
neravose vakaurayiwa panyika."

# 19

*Hareruya!*

1 Shure kwaizvozvi, ndakanzwa inzwi kudenga rakaita sokutinhira
wavazhinji zhinji richiti:
"Hareruya!
Ruponeso nokubwinya nesimba ndezvaMwari wedu,
2 nokuti kutonga kwake ndokwechokwadi uye kunoruramisira.
Akatonga chifeve chikuru
chakaodza nyika noupombwe hwacho.
Akatsiva paari ropa ravaranda vake."
3 Uyezve vakadanidzira vachiti:
"Hareruya!
Utsi hunobuda maari hunokwira nokusingaperi-peri."

4 Vakuru makumi maviri navana nezvisikwa zvipenyu zvina vakawira
pasi vakanamata Mwari, akanga agere pachigaro choushe. Uye
vakadanidzira vachiti:
"Ameni, Hareruya!"
5 Ipapo inzwi rakabva pachigaro choushe, richiti:
"Rumbidzai Mwari wedu,
imi varanda vake mose,
imi munomutya,
mose vaduku navakuru!"
6 Ipapo ndakanzwa zvakanga zvichiita savazhinji zhinji, somumvumo
wemvura zhinji uye senzwi guru rokutinhira kwemabhanan'ana, richiti:
"Hareruya!
Nokuti Ishe Mwari wedu Wamasimba Ose anotonga.
7 Ngatifarei uye tifarisise
uye timurumbidze!
Nokuti mutambo wokuwana weGwayana wasvika,
uye mwenga waro azvigadzirira.
8 Akapiwa mucheka wakachena,
wakanaka uye unopenya kuti aupfeke."
(Mucheka wakanaka ndiwo mabasa akarurama avatsvene.)

9 Ipapo mutumwa akati kwandiri, "Nyora uti: 'Vakaropafadzwa avo
vakakokwa kuchirariro chokuwana cheGwayana!' " Uye akatizve, "Aya
mashoko echokwadi aMwari."
10 Pakarepo ndakawira patsoka dzake kuti ndimunamate. Asi iye akati
kwandiri, "Rega kudaro! Ndiri muranda pamwe chete newe uye nehama
dzako dzinobatirira pakupupura Jesu. Namata Mwari! Nokuti uchapupu
hwaJesu ndiwo mweya wouprofita."

### *Murume akanga akatasva Bhiza Jena*

11 Ndakaona denga razaruka uye ipapo pamberi pangu pakanga pane
bhiza jena, mutasvi waro anonzi Akatendeka uye Chokwadi. Nokuru-
ramisira anotonga uye anorwa hondo. 12 Meso ake akaita somurazvo
womoto, uye pamusoro wake pane korona zhinji. Ane zita rakanyorwa
paari risingazivikanwi nomunhu asi naiye oga. 13 Akapfeka nguo
dzakanyikwa muropa, uye zita rake ndiye Shoko raMwari. 14 Hondo
dzokudenga dzakanga dzichimutevera, akatasva bhiza jena uye akapfeka
mucheka wakanaka, wakachena uye usina tsvina. 15 Mumuromo make
munobuda munondo unopinza waanouraya nawo ndudzi. "Achavatonga
netsvimbo yesimbi." Anotsika chisviniro chewaini yokutsamwa kwehasha
dzaMwari Wamasimba Ose. 16 Panguo yake napachidya chake ane zita iri
rakanyorwa:
mambo wamadzimambo naishe wamadzishe
17 Uye ndakaona mutumwa amire muzuva, akadanidzira nenzwi guru
kushiri dzose dzinobhururuka muchadenga achiti, "Uyai, unganai pamwe
chete pachirariro chaMwari, 18 kuti muzodya nyama yamadzimambo,
yavakuru vehondo, yavarume vane simba, yamabhiza neyavatasvi vawo,
nenyama yavanhu vose, vakasununguka nenhapwa, vaduku navakuru."
19 Ipapo ndakaona chikara namadzimambo enyika uye nehondo dzavo
dzakaungana pamwe chete kuti dzindorwa nomutasvi akanga ari pabhiza
uye nehondo yake. 20 Asi chikara chakabatwa, pamwe chete nomuprofita
wenhema akanga aita zviratidzo pachinzvimbo chacho. Nezviratidzo
izvi akanga atsausa avo vakanga vagamuchira mucherechedzo wechikara

uye vanamata mufananidzo wacho. Vaviri ava vakakandwa mudziva
romoto unopfuta nesafuri vari vapenyu. 21 Vakasara vavo vakaurayiwa
nomunondo wakabuda mumuromo wouyo akanga akatasva bhiza, uye
shiri dzose dzakagutswa nenyama yavo.

# 20

*Makore Chiuru*

1 Uye ndakaona mutumwa achiburuka kubva kudenga, ane kiyi dzoku-
gomba rakadzika zvisina mugumo uye akanga akabata ngetani huru mu-
ruoko rwake. 2 Akabata shato, iyo nyoka yakare, anova ndiye dhiabhori,
kana kuti Satani, uye akamusunga kwamakore chiuru. 3 Akamukanda
mugomba rakadzika zvisina mugumo, akarikiya, akaisa chisimbiso pa-
musoro pake, kuti amudzivise kuzonyengerazve ndudzi kusvikira makore
chiuru apera. Shure kwaizvozvo, anofanira kusunungurwa kwechinguva
chiduku.
4 Ndakaona zvigaro zvoushe zvakanga zvakagarwa navaya vakanga
vapiwa simba rokutonga. Uye ndakaona mweya yavaya vakanga vagurwa
misoro nokuda kwokupupura kwavo nezvaJesu uye nokuda kweshoko
raMwari. Vakanga vasina kunamata chikara kana mufananidzo wacho
uye vakanga vasina kugamuchira mucherechedzo pahuma dzavo kana
pamaoko avo. Vakararama vakatonga pamwe chete naJesu kwamakore
chiuru. 5 Vamwe vakafa havana kurarama kusvikira makore chiuru apera.
Uku ndiko kumuka kwokutanga. 6 Vakaropafadzwa uye vatsvene, avo
vano mugove pakumuka kwokutanga. Rufu rwechipiri haruna simba
pamusoro pavo, asi vachava vaprista vaMwari nevaKristu uye vachatonga
pamwe chete naye kwamakore chiuru.

*Kuparadzwa kwaSatani*

7 Makore chiuru paanopera, Satani achasunungurwa kubva mutorongo
rake 8 uye achabuda kundonyengera ndudzi dziri kumativi mana enyika,
Gogi naMagogi, kuti avaunganidzire kundorwa. Vakawanda sejecha
rokumahombekombe egungwa. 9 Vakafamba vachidimbura napaupamhi
hwenyika vakakomba misasa yavanhu vaMwari, iro guta raanoda. Asi
moto wakaburuka uchibva kudenga ukavaparadza. 10 Uye dhiabhori,
uyo akavanyengera, akakandwa mudziva rinopfuta nesafuri, makanga
makandwa chikara nomuprofita wenhema. Vacharwadziwa masikati
nousiku nokusingaperi-peri.

*Vakafa Vanotongwa*

11 Ipapo ndakaona chigaro chikuru chichena naiye akanga agere
pachiri. Nyika nedenga zvakatiza pamberi pake, zvikashayirwa nzvimbo.
12 Uye ndakaona vakafa, vakuru navaduku, vamire pamberi pechigaro
choushe, uye mabhuku akazarurwa. Rimwe bhuku rakazarurwa, iro
bhuku roupenyu. Vakafa vakatongwa maererano nezvavakanga vaita
sezvazvakanga zvakanyorwa mumabhuku. 13 Gungwa rakabudisa vakafa
vakanga vari mariri, uye rufu neHadhesi zvakabudisa vakafa vakanga
vari mazviri, uye munhu mumwe nomumwe akatongwa sezvaakabata.
14 Ipapo rufu neHadhesi zvakakandwa mudziva romoto. Dziva romoto
ndirwo rufu rwechipiri. 15 Kana munhu akawanikwa zita rake risina
kunyorwa mubhuku roupenyu, akakandwa mudziva romoto.

# 21

*Jerusarema Idzva*

1 Ipapo ndakaona denga idzva nenyika itsva, nokuti denga rokutanga
nenyika yokutanga zvakanga zvapfuura, uye pakanga pasisina gungwa.
2 Ndakaona Guta Dzvene, Jerusarema idzva, richiburuka kubva kudenga
richibva kuna Mwari, rakagadzirwa somwenga akashongera murume
wake zvakaisvonaka. 3 Uye ndakanzwa inzwi guru richibva pachigaro
choushe richiti, “Zvino imba yaMwari yava pakati pavanhu, uye achagara
navo. Vachava vanhu vake, uye Mwari pachake achava navo uye achava
Mwari wavo. 4 Achapukuta misodzi yavo yose pameso avo. Hapachazo-
vazve norufu, kana kuungudza, kana kuchema, kana kurwadziwa, nokuti
zvinhu zvokutanga zvapfuura.”

5 Akanga agere pachigaro choushe akati, “Ndiri kuita kuti zvinhu zvose
zvive zvitsva!” Ipapo akati, “Nyora izvi, nokuti mashoko aya akatendeka
uye ndeechokwadi.”

6 Akati kwandiri, “Zvaitwa. Ndini Arifa naOmega, wokutanga
newokupedzisira. Kuna iye ane nyota ndichamupa kuti anwe, asingaripi,
kubva mutsime remvura youpenyu. 7 Anokunda achapiwa nhaka iyi
yose, uye ndichava Mwari wake, uye iye achava mwanakomana wangu.
8 Asi vanotya, vasingatendi, navanonyangadza, mhondi, nemhombwe, na-
vanoita zvouroyi, vanonamata zvifananidzo navanoreva nhema, nzvimbo
yavo ichava mudziva romoto rinopfuta nesafuri. Urwu ndirwo rufu
rwechipiri.”

9 Mumwe wavatumwa vanomwe akanga ane ndiro nomwe dzizere
namatambudziko manomwe okupedzisira akauya kwandiri akati, “Uya,
ndizokuratidza mwenga, mukadzi weGwayana.” 10 Uye akandiendesa
muMweya kugomo guru refu, akandiratidza Guta Dzvene, Jerusarema,
richiburuka richibva kuna Mwari. 11 Raipenya nokubwinya kwaMwari,
uye kuvaima kwaro kwakanga kwakaita sebwe rinokosha kwazvo, sebwe
rejasipa, rinoonekera sekristaro. 12 Rakanga rina masvingo makuru,
marefu kwazvo ana masuo gumi namaviri navatumwa gumi navaviri
pamasuo. Pamasuo pakanga pakanyorwa mazita amarudzi gumi namaviri
avaIsraeri. 13 Kumabvazuva kwakanga kune masuo matatu, matatu
kumusoro, matatu nechezasi namatatu kumavirira. 14 Masvingo eguta
akanga ane nheyo gumi nembiri, uye padziri pakanga pane mazita
avapostori gumi navaviri veGwayana.

15 Mutumwa akataura neni akanga ane tsvimbo yokuera yegoridhe,
yokuyera guta, masuo namasvingo aro. 16 Guta rakanga rakavakwa
zvokuti mativi aro mana akanga akaenzana pakureba napaupamhi.
Akaera guta netsvimbo uye akariwana rina mastadhia zviuru gumi
nezviviri paurefu, uye rakapamhama nokureba sourefu hwaro. 17 Akaera
rusvingo rwaro uye rwaiva rukobvu makubhiti zana namakumi mana
namana* nokuyera kwavanhu, kwaishandiswa nomutumwa. 18 Rusvingo
rwakanga rwakavakwa nejasipa, uye guta rakanga rakavakwa negoridhe
rakaisvonaka rinoonekera kunge girazi. 19 Nheyo dzamasvingo eguta
dzakanga dzakashongedzwa nemhando dzose dzamatombo anokosha.
Nheyo yokutanga yakanga iri yejasipa, yechipiri yaiva yesafiri, yetatu
yekasidhoni, yechina yeemaradhi; 20 yeshanu yesadhonikisi, yechitanhatu
yaiva yekarineri yechinomwe yaiva yekrisoriti, yorusere yaiva yebheriri,

---

* **21:17** 21:17 mamita angaita 65

yepfumbamwe yaiva yetopazi, yegumi yaiva yekrisoprasi, yegumi neimwe
yaiva yejasindi, yegumi nembiri yaiva yeametisti. [21] Masuo gumi namaviri
akanga ari amaparera, suo rimwe nerimwe rakaitwa neparera rimwe
chete. Nzira huru yomuguta yakanga iri yegoridhe rakaisvonaka segirazi
rinoonekera.
[22] Handina kuona temberi muguta, nokuti Ishe Mwari Wamasimba
Ose neGwayana ndivo temberi yaro. [23] Guta haritsvaki zuva kana
mwedzi kuti zvivhenekere pamusoro paro, nokuti kubwinya kwaMwari
ndiko kunovhenekera, uye Gwayana ndiro mwenje waro. [24] Ndudzi
dzichafamba nechiedza charo, uye madzimambo enyika achauyisa kub-
winya kwawo mukati maro. [25] Hapana zuva richatongozarirwa masuo
aro, nokuti hakuchazova nousiku ikoko. [26] Kubwinya nokukudzwa kwen-
dudzi kuchauyiswa mariri. [27] Hakuna chinhu chine tsvina chichazopinda
imomo, uye kana upi zvake anoita zvinonyadzisa kana zvounyengeri, asi
avo chete vana mazita akanyorwa mubhuku roupenyu reGwayana.

# 22

*Rwizi rwoUpenyu*

[1] Ipapo mutumwa akandiratidza rwizi rwemvura youpenyu, inoonek-
era sekristaro, ruchiyerera kubva pachigaro chaMwari necheGwayana
[2] pakati penzira huru yeguta. Parutivi rumwe norumwe rwerwizi pakanga
pano muti woupenyu, waibereka mhando gumi nembiri dzomuchero,
ichibereka michero yayo pamwedzi woga woga. Mashizha omuti
uyu ndeokuporesa ndudzi. [3] Hakuchazovazve nokutukwa. Chigaro
choushe chaMwari necheGwayana zvichava muguta, uye varanda vake
vachamushumira. [4] Vachaona chiso chake, uye zita rake richava pahuma
dzavo. [5] Usiku hahuchazovapozve. Havachazotsvaki chiedza chomwenje
kana chiedza chezuva, nokuti Ishe Mwari achavapa chiedza. Uye
vachatonga nokusingaperi-peri. [6] Mutumwa akati kwandiri, "Mashoko
aya akatendeka uye ndeechokwadi. Ishe, Mwari wemweya yavaprofita,
akatuma mutumwa wake kuzoratidza varanda vake zvinhu zvinofanira
kukurumidza kuitika."

*Jesu ari kuuya*

[7] "Tarirai, ndinokurumidza kuuya! Akaropafadzwa uyo anochengeta
mashoko ouprofita huri mubhuku iri."

[8] Ini Johani, ndini ndakanzwa uye ndikaona zvinhu izvi. Uye ndakati
ndazvinzwa uye ndazviona, ndakawira pasi kuti ndinamate ndiri patsoka
dzomutumwa akanga andiratidza zvinhu izvi. [9] Asi akati kwandiri, "Rega
kudaro! Ndiri muranda pamwe chete newe uye nehama dzako vaprofita
navose vanochengeta mashoko ebhuku iri. Namata Mwari!"
[10] Ipapo akati kwandiri, "Usanamira mashoko ouprofita hwebhuku iri,
nokuti nguva yaswedera. [11] Anotadza ngaarambe achitadza, anonyan-
gadza ngaarambe achinyangadza; anoita zvakarurama ngaarambe achiita
zvakarurama; uye mutsvene ngaarambe ari mutsvene."

[12] "Tarirai, ndiri kukurumidza kuuya! Mubayiro wangu ndinawo, uye
ndichapa mumwe nomumwe maererano nezvaakaita. [13] Ndini Arifa
naOmega, wokutanga newokupedzisira, kutanga nokuguma.

14 “Vakaropafadzwa avo vanosuka nguo dzavo, kuti vave nesimba roku-
uya kumuti woupenyu uye vagopinda muguta napasuo. 15 Kunze ndiko
kune imbwa, vaya vanoita zvouroyi, mhombwe, mhondi, vanonamata
zvifananidzo navose vanoda nhema uye vachidziita.

16 “Ini Jesu, ndatuma mutumwa wangu kuti akupe uchapupu uhu hwekereke. Ndini mudzi worudzi rwaDhavhidhi, Nyamasase inopenya.”

17 Mweya nomwenga vanoti, “Uya!” Uye anonzwa ngaati, “Uyai!” Ani naani ane nyota, ngaauye; uye ani naani anoda, ngaatore chipo chemvura youpenyu asingatengi.

18 Ndinoyambira mumwe nomumwe anonzwa mashoko ouprofita hweb-
huku iri ndichiti: Kana munhu upi zvake akawedzera chinhu chipi zvacho
kwaari, Mwari achawedzera kwaari matambudziko akanyorwa mubhuku
iri. 19 Uye, kana munhu upi zvake akatapudza mashoko kubva mubhuku
iri rouprofita, Mwari achabvisa kubva kwaari mugove wake pamuti
woupenyu nomuguta dzvene, izvo zvakanyorwa mubhuku iri.

20 Uyo anopupura zvinhu izvi anoti, “Hongu, ndinokurumidza kuuya.” Ameni. Uyai, Ishe Jesu.

21 Nyasha dzaIshe Jesu ngadzive navanhu vaMwari. Ameni.